Poerwadarminta
Bausastra Jawa, NGAYOGYAKARTA 1939

SOROGAN CETAKAN

(A).: Arab / ak.: arang kanggone (mriksanana § 15). / ar.: araning. / bngs.: bangsaning. / br.: basa rinêngga (mriksanana § 15) / jk.: Jawa-Kuna (mriksanana § 15). / êngg.: ênggon-ênggonan (mriksanana § 15). / ent.: entar. / k.: krama. / kb.: kosok-baline. / ki.: krama-inggil. / kyt.: kaya ta. / kn.: krama-ngoko. / ks.: kasar. / kc.: kacocogna karo. / kw.: kawi. / lmr.: lumrahe. / lsp.: lan sapanunggalane. / (M).: Mlayu. / n.: ngoko. / up.: upama. / ut.: utawa. / pr.: paribasan (bêbasan, saloka). / (Prs).: Pèrsi. / (Prt).: Portêgis). / pc.: pacêlathon. / (S).: Sangsêkarta. / saèm.: saèmpêr karo. / (C).: Cina. / cs.: candra-sangkala. / tmr.: (luwih-luwih) tumrap ing. / (W).: Wlanda. / ws.: wangsalan. / wc.: wancahan.

NGAYOGYAKARTA 1939

Baoesastra Djawa
INGKANG NGIMPUN W. J. S. POERWADARMINTA KABANTU C. S. HARDJASOEDARMA J. CHR. POEJASOEDIRA
INGKANG KANGGE ANCER = ANCER SERAT BAOESASTRA DJAWI = WLANDI KARANGANIPUN DR. TH. PIGEAUD ING NGAYOGYAKARTA
f 7,50
KAECAP ING PANGECAPAN J. B. WOLTERS' UITGEVERS = MAATCHAPPIJ N.V. GRONINGEN, BATAVIA, 1939 scottweg 5

BAOESASTRA DJAWA
INGKANG NGIMPUN W. J. S. POERWADARMINTA KABANTU C. S. HARDJASOEDARMA J. CHR. POEJASOEDIRO
INGKANG KANGGE ANCER = -ANCER SERAT BAOESASTRA DJAWI = WLANDI KARANGANIPUN DR. TH. PIGEAUD ING NGAYOGYAKARTA
F 7,50
KAECAP ING PANGECAPAN J. B. WOLTERS' UITGEVERS = MAATSCHAPPAIJ N.V. GRONINGEN, BATAVIA, 1939 scottweg 5

PURWAKA.

Sêrat Bausastra Jawi sampun sawatawis dangu sami kabêtahakên ingakathah, langkung-langkung para guru ing pamulangan ingkang sami nindakakên ayahan nyêrêp-nyêrêpakên lênggah-sèlèhing têtêmbungan tuwin basa Jawi dhatêng momonganipun. Ngèngêti kabêtahaning ngakathah wau, punapa dene margi saking kêdêrêng ing sêkunging manah badhe tumut urun-urun mêpakakên prabot pamarsudining basa Jawi, botên ketang rêkaos dening sarwa cupêt ing samudayanipun, kula kamipurun kumlancang ngrumiyini para paramèng basa ndhapuk sêrat bausastra Jawi alit-alitan, kalampahan sagêd kalêksanan, nuwun inggih kados makatên punika wujudipun.

Sêrat punika mligi namung kangge tambêl bêtah utawi namung trimah lowung, têbih saking ingkang nama utami utawi ingkang nama sampurna; wontênipun kawêdalakên awit saking pangraos kula ing jaman samangke para guru ing pamulangan tuwin para rêmên maos sêrat-sêrat Jawi pancèn bêtah gadhah cêpêngan sêrat ingkang kados makatên punika. Sêrat bausastra punika kenging kula wastani utawi prayogi kaanggêpa kados dene cêngkorongan utawi ancêr-ancêr kemawon, bok manawi ing têmbe wingking manawi sêsêrapan basa tuwin kasusastran Jawi sagêd ngrêmbaka papak kalihan sêsêrêpan basa tuwin kasusastran ngamanca ingkang sampun sinêbut muluk, mêsthi badhe wontên sêrat bausastra ingkang langkung rowa tuwin langkung sampurna tinimbang sêrat punika.
Inggih kados punika kemawon wujudipun, sêrat bausastra makatên sabotên-botênipun mêksa inggih kalêbêt ing gêgêbênganing sêrat ingkang marsitakakên kawruh. Ingkang punika salêbêtipun nggarap dhêdhapukaning sêrat punika, ahli basa Jawi, botên kêndhat kula nyuwun wêwêngan sêsuluh dhatêng para sagêd tuwin para ahli basa Jawi, jêr ing saèstunipun taksih nama kêtêmbèn tumrap sakula ngayati pakaryan ingkang sakalangkung wigatos makatên.
Botên kêsupèn kula ngaturakên gênging panuwun kula dhatêng panjênênganipun tuwan Dr. L. C. Cock (samangke ngasta H.I.K.ing Munthilan), ingkang sampun kêsdu paring iguh rêmbag tuwin pratikêl warni-warni. Nama kalêrêsan sangêt, dene anggèn kula ndhapuk sêrat punika lajêng kawuningan ing panjênênganipun tuwan Dr. Th. Pigeaud, inggih punika priyantun nagari ingkang tinanggênah marsudi kawruh basa pribumi. Panjênênganipun kula suwuni pitulungan inggih mulung dhangan paring pitêdah tuwin pamrayogi warni-warni ingkang tanpa upami gênging paedahipun sarta sakalangkung mikantuki tumraping garapan kula punika.
Kalampahan ing taun 1930 garapan kula ingkang sapalih (A-L) sagêd kababar kawêdalakên ing pakêmpalan mardi-basa "Triwikrama" ing Ngayogyakarta. Wêdalipun sêrat bausastra wau nyata dipun gatosakên ingakathah, namung wontên kuciwanipun sakêdhik, dene sêrat wau botên kajangkêpakên babar pisan, njalari cuwanipun ingkang sami ngagêm. Kala sêmantên kula ugi ngaturakên conto dhatêng Handleidings-Commissie ing Bêtawi ingkang dipun sêsêpuhi panjênênganipun tuwan H. Boswinkel. Sasampunipun kapriksa ing sapêrlunipun, têmahan inggih lajêng karsa paring wêwêngan warni-warni ingkang amurih sae lan prayoginipun, punapa dene murih saya murakabi ingakathah. Sêrat bausastra ingkang sampun dados tuwin ingkang taksih awujud rèngrèngan lajêng kaêdum-êdum wradin kasuwunakên rêmbag tuwin kasêmantakakên dhatêng para guru Jawi ing pamulangan lajênganipun pamulangan andhap (Kweek school, Mulo, Normaalschool) tuwin dhatêng para êmpuning basa Jawi sanèsipun. Paringipun rêmbag centhangan, wêwahan, ewah-ewahan, bêsutan, saèstu sakalangkung marêmakên.

Sampun sami kawuningan, bilih ngêdalakên sêrat bausastra makatên botên sakêdhik wragadipun. Pramila nama bêgja sangêt, dene pirmah J.B. Wolters purun ngêcap lan ngêdalakên sêrat punika, inggih punika ingkang dados marginipun sêrat punika sagêd kaêcap tuwin kababar kalayan sae panggarapipun, punapa dene sagêd gumêlar dhatêng pundi-pundi dados cêcêpênganipun para guru tuwin para rêmên maos sêrat-sêrat Jawi. Sampun nama samêsthinipun yèn ta kula sami ngaturakên gênging panuwun kula dhatêng para pangurusing pirmah kasêbut.
Ing sarèhning sêrat punika mligi namung kangge gêgaran utawi cêpêngan ingkang adhakan, pramila ing sasagêd-sagêd katata kadamêl sarwa ringkês lan gampil panganggènipun. Makatên ugi caraning anggènipun nêrangakên têmbung-têmbung inggih kadamêl sarwa prasaja, botên sacara kasarjanan mawi nglari aslining têgês utawi nlusur asaling têmbung, kalimbang-limbang kalihan basa sanèsipun ingkang tunggil pancêr sasaminipun, jêr katêrangan ingkang klorèhan makatên saèstu botên mapan yèn kaêwrata wontên ing sêrat bausastra alit-alitan utawi bausastra cêcêpêngan padintênan kados sêrat punika. Mênggah ing bab dhapukan tuwin katêrangan sanès-sanèsipun kaparênga mriksani ing bêbukaning sêrat punika.
Ing wusana botên langkung kula ambali malih, sangêt gênging panuwun kula dhatêng para sagêd tuwin sadaya kemawon ingkang sampun paring pitulungan tuwin rêrigên ingkang tanpa upami gênging pigunanipun. Dene manawi taksih wontên ingkang kêkirangan tuwin galap gangsulipun, wontêna sihipun para kawogan paring susuluh, saèstu badhe kula tampi kalayan sangêt gênging panuwun.
Kasêrat ing Tokyo, 24 Februari 1937.
Nuwun, W.J.S. POERWADARMINTA.

SOROGAN CETAKAN

(A).: Arab / ak.: arang kanggone (mriksanana § 15). / ar.: araning. / bngs.: bangsaning. / br.: basa rinêngga (mriksanana § 15) / jk.: Jawa-Kuna (mriksanana § 15). / êngg.: ênggon-ênggonan (mriksanana § 15). / ent.: entar. / k.: krama. / kb.: kosok-baline. / ki.: krama-inggil. / kyt.: kaya ta. / kn.: krama-ngoko. / ks.: kasar. / kc.: kacocogna karo. / kw.: kawi. / lmr.: lumrahe. / lsp.: lan sapanunggalane. / (M).: Mlayu. / n.: ngoko. / up.: upama. / ut.: utawa. / pr.: paribasan (bêbasan, saloka). / (Prs).: Pèrsi. / (Prt).: Portêgis). / pc.: pacêlathon. / (S).: Sangsêkarta. / saèm.: saèmpêr karo. / (C).: Cina. / cs.: candra-sangkala. / tmr.: (luwih-luwih) tumrap ing. / (W).: Wlanda. / ws.: wangsalan. / wc.: wancahan.

TÊTÊNGÊR

[x] minangka gêgêntosipun têmbung baku, inggih punika têmbung lingga utawi andhahan ingkang dados lajêr katêrangakên têgêsipun, upami: andhahan ingkang dados lajêr katerangakên têgêsipun, upami:

(gayuh), têmbung baku, andhahanipun: ng-[x], di-[x], ng-[x]- [x], [x]-an punika wêtahipun: nggayuh, digayuh, nggayuh-gayuh, gayuhan.
( ) kurung punika tumrap ing têmbung baku mratelakakên bilih têmbung ingkang kakurung wau botên nate utawi awis sangêt kangge madêg piyambak, ingkang kangge namung andhahanipun. Dene manawi kaêtrap ing sawingkinging têmbung utawi ing katêrangan kangge njangkêpi katêrangan mratelakakên sami lsp.
BEBUKA.
KATÊRANGAN SAWATAWIS.
Sêratan.
§ 1. Urut-urutaning aksara utawi alpabèt ing sêrat punika botên kalugokakên kados alpabèt aksara Latin, ing sawatawis radi kalarasakên kalihan kawontênanipun pakêcapan Jawi, inggih punika kadamêl urut makatên:
a - b - ch - d - j - dh - e(è) - e - (f) - g - h - i - y - k - l - m - n - ny - ng - u - o - p - r - s - t - c - th - w - z
§ 2. Aksara ch, f, z kalêbêt awis sangêt kangge wontên ing sêsêratan, ingkang limrah kasêrat miturut kêdaling pakêcapan Jawi. Ingkang punika manawi mrêgoki têmbung ingkang asêsirah aksara wau, mangka dipun padosi ing bawah aksara riku botên pinanggih, punika dipun padosi ing golongan aksara sanèsipun, inggih punika ingkang asêsirah ch dipun padosi ing golongan k utawi h, aksara f ing golongan p, dene aksara z ing golongan j utawi s.
§ 3. Manawi ngupadosi têmbung Jawi ingkang kasêrat jng aksara Jawi asêsirah aksara [...],[1] manawi swaranipun antêb (wêtah) dipun padosi ing bawah aksara h. dene ingkang pakêcapanipun ampang inggih punika ingkang sami kalihan aksara swara, punika sami kalêbêtakên ing bawah aksara swara: a, e (è), ê, i, u, o.
§ 4. Sampun sami kawuningan, bilih wêwaton panyêratipun têmbung Jawi mawi aksara Latin punika ing sawatawis radi beda kalihan ingkang mawi aksara Jawi, ingkang punika manawi badhe ngupadosi têmbung ingkang pinanggih ing sêrat-sêrat ingkang kasêrat ing aksara Jawi, bab gèsèhing wêwaton wau ugi pêrlu dipun èngêti. Makatên ugi ing sêrat-sêrat (aksara Jawi utawi Latin) asring wontên têmbung ingkang panyêratipun beda kalihan paginêman utawi nyimpang saking wêwatoning panyêrat, kabêkta saking kumêdah ngoyak guru wilangan utawi namung kangge èdèn-èdèn pêpacakaning basa. Kangge nggampilakên anggènipun ngupadosi têmbung ingkang kados makatên wau, pêrlu kula ngaturakên ancêr-ancêr sawatawis, kados ing ngandhap punika:
§ 5. Têmbung ingkang asêsirah wanda panjing [...][2] (-1-) utawi karakêtan sandhangan cakra (-r-) kêrêp dipun ulur dados tigang wanda, asêsirah wanda swara -a (ing paginêman -ê utawi wontên ingkang dados -u), kadosta: talaga, balumbang, baliwur, balêbêr, daluwang, barubah, saranta, garegah lsp. Têmbung-têmbung ingkang kados ingkang kasêbut makatên punika prayogi lajêng kapadosan ing bawah panjing [...][3] utawi cakran kemawon, inggih punika ing

têmbung: tlaga, blumbang, bliwur, blêbêr, dluwang, brubah, sranta, gregah lsp.

§ 6. Têmbung ingkang angsal sêsêlan: -(a)l utawi -êl-, -(a)r- utawi -êr-, wontên ing sêrat-sêrat kêrêp kalugokakên miturut pangrimbagipun dados têmbung tigang wanda kados ingkang kasêbut ing § 5. Têmbung ingkang kados makatên punika inggih lajêng dipun padosi ing bawah panjing [...][4] utawi cakran kemawon, upaminipun: galêbyar, kalêpyur, garobyag, garopyak lsp. dipun padosi ing: glêbyar, klêpyur, grobyag, gropyak lsp. Dene ingkang lingganipun apurwa wanda pêpêt (-ê) lajêng angsal sêsêlan -r-, punika dipun padosi ing bawah: -rê-(kêrêt) utawi ing -êr (pêpêt layar).

§ 7. Têmbung-têmbung ingkang kina-kinanipun karimbag sarana atêr-atêr: ba-, bar-, dar-, jar-, ga-, ma-, mar-, pa-, par-, tar-, car-, prayogi dipun padosi ing têmbung baku ingkang asêsirah: bê-, bêr- (ut. brê-), dêr- (ut. rê-), jêr-, (ut. jrê), gê-. mê- mêr-, (ut. mrê-), pê-, pêr- (ut. prê-), jêr-, cêr-.

§ 8. Têmbung-têmbung tigang wanda ingkang asêsirah wanda aswara -a punika limrahipun ing paginêman sami kaucapakên -ê, kadosta: sagara (sêgara), nagara (nêgara), warata (wêrata) lsp. têmbung-têmbung ingkang makatên sami kalêbêtakên kalih-kalihipun pisan, namung ingkang lajêr kasêbutakên ing bawah -a.

Bab pasang-rakitipun bausastra punika.

§ 9. Tatanan urut-urutanipun têmbung baku, inggih punika têmbung ingkang badhe katêrangakên têgêsipun kapêndhêt saking lingganipun. Têmbung lingga wau ing sawatawis wontên ingkang botên nate kangge, liripun ingkang kangge namung andhahanipun; têmbung lingga ingkang makatên punika sami dipun cirèni ing kurung, kadosta: (jupuk), (gawa) lsp.

§ 10. Sanadyan pokokipun ingkang kangge têmbung baku wau lingganing têmbung, ewa makatên murih nggampilakên anggènipun ngupadosi, têmbung andhahan ingkang sampun madêg piyambak utawi ingkang radi pakèwêd anggènipun madosi lingganipun, sami kapacak kadadosakên têmbung baku mawi katêrangan asaling lingganipun. Ing ngandhap punika pêprincènipun têmbung andhahan ingkang sami kadadosakên têmbung baku.

1). a-, ma- kadosta: adu, adus, akon, mabyur, mawur lsp.

2). ang-, mang-, kados ta: andon, anglèr, manglung, manglèng lsp.

3). têmbung tanduk ingkang purwaning lingganipun luluh kalihan atêr-atêripun anuswara (m-, n-, ny-, ng-) kadosta: mapag, malang, nêmbung, nêmbah, nyatur, nyadran, nganggur, ngarang lsp. Têmbung ingkang makatên punika katêranganipun kadamêl ringkês, rowanipun pariksanana ing têmbung baku, inggih punika lingganipun têmbung wau.

4). sa- (sê-), pa- (pê-), pi-, pra-, pri-, kami-, kapi-, kuma-, kados upaminipun: saiki, somah, palaku, potang, piwulang, pralambang, pribumi, kamituwa, kapilare, kumawani lsp.

5). ka- (-an) ingkang dede tanggap, kê- (-an), pa (anuswara), inggih sami kadadosakên têmbung baku, kadosta: kawruh, kêtêmu, konangan, pangon, panon lsp.
6). sêsêlan -um- (-êm-) ingkang saking lingga apurwa: aksara swara, w, p. b, tuwin ingkang sampun madêg piyambak kadosta: mujur, mundur, mati, mingsêd, gumagus, kumaki lsp.
7). sêsêlan -in- ingkang madêg dados kados têmbung aran utawi ingkang ngêmu têgês dede tanggap salugu, kadosta: sinatriya, sinuhun lsp.
8). Têmbung camboran ingkang sampun bawa piyambak, inggih sami kapiyambakakên madêg dados têmbung baku, kadosta: gula-wênthah, bala-pêcah lsp.
§ 11. Têmbung andhahan ingkang kalêbêtakên ing kasusastran punika ngêmungakên ingkang sampun kalimrah ingakathah utawi ingkang pancèn pantês dipun têrangakên têgêsipun, amargi manawi andhahaning têmbung sêdaya dipun wrat badhe kalorèhên tur sakêdhik gina-paedahipun. Sok ugi sampun mangêrtos têgêsing lingganipun, andhahan sanèsipun gampil dipun suraos sarana ngèngêti wêwaton têgêsing rimbag ing paramasastra.
§ 12. Amurih ringkêsipun, sadaya têmbung baku (awujud têmbung lingga utawi andhahan) manawi karimbag malih utawi kangge ing bêbasan lsp. namung dipun ringkês sarana ginantosan ing têtêngêr: [x]: dene manawi margi rêrimbagan wau lajêng ewah wujudipun (swaranipun), murih botên ndadosakên sêling surub sami kasêrat wêtah.
§ 13. Miturut panganggenipun wontên ing ukara, têmbung satêmbung punika kêrêp mêngku têgês kalih utawi langkung. Pilah-pilahing têgês wau wontên ing sêrat punika ing sasagêd-sagêd dipun silah-silahakên sarana nitik asli, golongan tuwin suraosipun. Manawi suraosipun botên gêgandhèngan, sami kasilah sarana angka Rum, dene manawi suraosipun gêgandhèngan kasilahakên sarana angka Arab. Mênggah pêpilahaning têgês ingkang gêgandhèngan wau, ingkang karumiyinakên têgês ingkang baku utawi têgês ingkang pokok, dene sanèsipun têgês ingkang entar utawi sambutan.
Bab asli tuwin gêgolonganing têmbung.
§ 14. Bab katêrangan aslining têmbung inggih punika: (A) Arab. (M) Mlayu, (Prs).Pèrsi, (Prt) Portêgis, (S) Sangsêkêrta, (C) Cina, (W) Wlanda, punika mligi namung kangge ancêr-ancêr kemawon. Pramila botên katêrangakên kados pundi ungêlipun utawi têgêsipun ingkang sakawit, jêr katêrangan ingkang rowa makatên pantêsipun dipun êwrat wontên ing sêrat bausastra ingkang langkung agêng. Têmbung ngamanca wau dadosipun têmbung Jawi kathah ingkang ewah têgêsipun, malah wontên ugi ingkang têbih sangêt kalihan têgês ingkang sakawit, punapa dene wontên ing basa Jawi, wontên ingkang dados têmbung kawi, krama, krama inggil, ênggèn-ênggènan lsp. Mênggah katêranganing têgêsipun têmbung ngamanca wau ngêmungakên miturut sasampunipun dados têmbung Jawi. Dados

botên kumêdah ngrêsikakên utawi nggondhèli têgêsipun ingkang sakawit. Têmbung ingkang aslinipun pancèn saking ngamanca, nanging sampun luluh sangêt kalihan basa Jawi ngantos dados têmbung jawi dêlês. Sami botên kadèkèkan ciri katêrangan, kados upaminipun têmbung: sêkolah, griya, rêdi, bumi, putra, swarga lsp.

§ 15. Wondene katêrangan ingkang mratelakakên gêgolonganing têmbung-têmbung kangge gampil-gampilan kenging kapilah dados kalih warni, inggih punika: miturut jinisipun (kawontênanipun) kalihan miturut unggah-ungguhipun.

Katêrangan golonganing têmbung ingkang miturut jinisipun:

1). ah (arang kanggone) punika mratelakakên bilih têmbung wau sampun pêjah (botên njaman) utawi sampun awis sangêt kêsrambah wontên ing pasrawungan jaman samangke, kêjawi wontên kalangan kasêpuhan.

2). br. (basa rinêngga) punika salugunipun namung têmbung limrah, nanging margi kaewahan swaranipun utawi rêrimbaganipun utawi traping panganggenipun lajêng namung dados têmbung pacakan wontên ing karangan-karangan, botên limrah kangge wontên ing paginêman utawi sêrat-sêrat limrah.

3). jk. (Jawa-Kuna) inggih punika têmbung-têmbung Jawi ingkang pinanggih wontên ing sêrat-sêrat kina. Rèhne têmbung jk. punika ingkang limrah lajêng dados têmbung kawi utawi kw. ak (kawi arang kanggone), mila katêrangan jk.-wau namung katumrapakên ing têmbung-têmbung sawatawis ingkang limrahipun botên kalêbêt ing jinis têmbung kawi.

4). êngg. (ênggon-ênggonan) inggih punika têmbung-têmbung ingkang botên mratah utawi ingkang botên kalêbêt ing gêgêbênganing basa Jawi ingkang kangge wêwaton (basa Surakarta), dados kanggenipun namung wontên ing salah satunggaling panggènan kemawon.

5). kw. (kawi) inggih punika têmbung-têmbung ingkang kangge wontên ing babaraning kapujanggan Jawi (sêrat-sêrat, sêkar, padhalangan lsp), botên nate kangge wontên ing basa padintênan. Dene ingkang dipun cirèni kw. ak. punika têmbung kawi ingkang sampun awis kangge wontên ing karangan kapujanggan jaman samangke pinanggihipun namung wontên ing sêrat-sêrat ingkang sêpuh-sêpuh.

6). pc. (pacêlathon) inggih punika têmbung-têmbung ingkang limrahipun namung kangge wontên ing paginêman, yèn kangge wontên ing sêrartan inggih ing karangan ingkang basanipun kados basa paginêman. Têmbung pc. punika kathah ugi ingkang wujud têmbung wancahan (wc), sêmbranan lsp. Sarta kathah ingkang gêsangipun namung mangsan. Liripun namung sawatawis taun lajêng ical tanpa lari. Têmbung-têmbung ingkang kacirènan ks. (kasar) punika limrahipun ugi namung ing paginêman.

7). wc (wancahan) inggih punika têmbung cêkakan utawi cêngkiwingan punika ingkang kathah kalêbêt ing jinis pc.

Katêrangan golonganing têmbung ingkang miturut unggah-ungguhipun, inggih punika: k. (krama), ki. (krama-inggil), kn. (krama-ngoko), n.(ngoko), prakawis punika kados botên pêrlu kula aturakên silah-silahipun.

§ 16. Kêjawi ingkang kasêbut ing nginggil punika wontên gêgolonganing têmbung ingkang kalimrah kawastanan: madya, basa kêdhaton, krama-desa tuwin krama-wênang. Têmbung madya ing sêrat punika kula lêbêtakên golongan: katitik pc. (krama pacêlathon), basa kêdhaton tuwin krama-desa kula golongakên êngg. k. (ênggon-ênggonan krama), dene krama-wênang ingih punika têmbung ingkang kenging kakramakakên kenging botên, kula susulakên ing sawingkinging têmbung ingkang katêrangakên sarana ciri kurung. Têmbung ki ingkang namung kalimrah wontên Ngayogyakarta kula golongakên ing golongan êngg. ki.

§ 17. Kangge ngirid papan têmbung ingkang wontên kramanipun utawi wontên krama-inggilipun namung kula sêbutakên sapisan wontên ing ngajêngan, lajêng andhahanipun botên kula wangsuli malih, punika nêrangakên bilih andhahanipun wau inggih kakramakakên utawu kakramakakên inggil kados têmbung baku, dene ingkang nyêbal sami kula wêwahi krama utawi krama-inggilipun.

§ 18. Katêrangan kn. punika mligi namung tumrap ing têmbungipun baku, dados yèn wontên atêr-atêripun utawi panambangipun ingkang kenging kakramakakên punika botên atêgês inggih katut ing katêrangan kn wau, upami: (tapuk) di-[x] -ake kn: ... punika kajêngipun ingkang kn punika namung têmbungipun tapuk, dados di-, kalihan -ake manawi kangge ing basa krama inggih kêdah kakramakakên dados: dipun kalihan -akên. Makatên ugi manawi ingkang kangge têmbung baku wau têmbung andhahan, upaminipun: nyalahake kn: ... punika manawi kangge ing basa krama -ake wau inggih dipun kramakakên.

A

aang: êngg. kn tansah kêpengin mêmangan (gunêman, ngombe).
aba: kn 1 ak. swara, ujar, 2 prentah, pakon, diabani: diprentahi sarana swara, dikon.
abab: kn hawa saka ing cangkêm, mung [x] bae pc: mung swara thok ora ana kanyatakane, di-[x]- i: didamoni, dikênani abab, kc. kababan.
abad: (A) kn 1 ak. langgêng, lêstari, 2 jaman kang suwene 100 taun.
abadi, abadiyah: (A) kn. ak langgêng, kalanggêngan.
abah-abah: kn 1 prabot, piranti, 2 ([x]-tênunan) ak. piranti dianggo nênun, 3 ak. lapak, di-[x]-i: 1 ditrapi lapak kêndhali lsp. (tmr. jaran), 2 diujar-ujari.
abahan: kn 1 prabot sarta bêbakaling omah, krêtêg lsp (kayu), ora dadi [x] pc: ora kanggo ing gawe, 2 ak. landhêsaning wong kang ditugêl gulune, kumurêb ing [x] br: pasrah pati urip.
aban-aban: êngg. kn swara sêru, kc. aba.

abane, abêne: êngg. nitik swarane kaya ..., ayake ...
abang: n abrit k warna kaya dene warnane gêtih, mung dianggo [x]-[x] lambe pc: têtêmbungan manis mung samudana, ng- [x] bironi pc: bingung ênggone golèk butuh, kc. bang, bang-bang.
abangan: kn (wong [x]) kang ora nglakoni agama.
abar: I kn ilang (êntèk) dayane, ngabêr, abêr. II di-[x]-ake kn.ak: 1 dikabrukakake (tmd.[5] jago kang arêp diêdu), 2 diagag-agagake (tmr. gêgaman), 3 dicoba arêp disumurupi rêgane sarana ditawakake marang liyan (tmr. barang kang pangaji), [x]-[x]-an: arêp kabruk-kabrukan (padha dene ngancang-ngancangi ngabruk, (tmr. jago adon), kc. ngabar.
abdas: (Prs) kn. ak wulu (rêrêsik ngarêpake sêmbahyang), kc. padasan.
abdi: (A) ki batur, diabdèkake: dingèngèrake, didadèkake batur.
abdi-dalêm: kn 1 priyayi abdining ratu, 2 baturmu (ngasorake atêgês: aku, -ku).
abjad: (Prs) kn. ak carakan Arab.
abèn-abèn: êngg pirangbara.
abên: I êngg 1 sabên, 2 (ut.abèn) kêrêp. II dipun-[x] k: diadu, [x]-[x]-an k: adon-adon.
abêr: I kn 1 êntèk dayane, ngabar, 2 suda kaluwihane (mari digdaya lsp), kc. abar. II kw: mabur, [x]-[x]-an ak: manuk, kc. abur.
abêt: êngg. kn 1 tabêt, tilas, 2 kamanuhan, saradan, [x]-e êngg: ayake, kc. labêt, tabêt.
abêt-abêt: kw batur wadon ing patapan.
abiyasa: (S) kw. ak manuh, lumrah.
abikara: (S) kw priyayi.
abilasa: (S) kw. ak hawa nêpsu.
abimana: (S) kw. ak umuk, kumingsun.
abimantrana: (S) kw.ak bêrkah, donga.
abinawa: (S) kw.ak 1 anyar, ênom, 2 anèh, gumunake.
abing: pc abang bangêt.
abipraya: (S) kw 1 ak. niyat, sêdiya, 2 (sa-[x]) rukun, rujuk.
abir: kn pêdhang ginaran landheyan (gêgaman Cina).
abirama: (S) kw.ak 1 endah, ayu, bagus, 2 pangrasa, murka.
abirupa: (S) kw. ak endah.
abis: pc êntèk, [x] bulan ([x] taun): pungkasaning sasi (taun).
abiseka: (S) kw 1 jumênêng ratu, 2 jêjuluk, jênêng (ing ratu).
abit, abèt: êngg. kn awit, wiwit, kc. obat-abit.
abiwada: (S) kw pakurmatan, pangaji-aji, di-[x] kw: dikurmati, disungga-sungga.
(abyag, abyak): di-[x] (-i) pc diampyak.
abyor: kn katon sumorot akèh (tmr lintang-lintang).
(ablak): ng-[x]-[x] êngg. pc mênga amba.
abu: (A) kn.ak bapa.
abuh: kn mundhak gêdhe tmr peranganing badan marga lêlara.

abuk: I di-[x] kn 1 didhaku ut.diêpèk (kalawan ora sabênêre), 2 pc. digabrul. II êngg. kn. bubuk (an). III êngg. kn: rabuk.
(abul): di-[x]-[x] êngg. kn diudhal-udhal (dibuwangi, diwratakake lsp) mênyang ngêndi-êndi, kc. mabul.
abur: kn lakuning manuk lsp. ing awang-awang, di-[x]- ake: diuculake lsp. supaya mabur, [x]-[x]-an ak: manuk-,manuk, kc mabur, kabur.
abon: I kn (iwak [x]) lêlawuhan kang digawe sayatan iwak. II êngg. kn: tukang têbas gawe (nglinting) rokok. III [x]-[x] kn ak: uba-rampe (ning slamêtan lsp).
abong-abong: êngg.kn ambakneya, dupèh.
abor: êngg.kn putih lan kuninge campur (tmr.êndhog, wis ala).
abot: n awrat k 1 akèh bobote, ora ènthèng, 2 rada pakewuh, ora gampang, 3 wigati, pêrlu, kc. bot, bobot, kabotan.
abra: kw sumorot mawa cahya.
abrag: I ut. [x]-[x] kn bêkakas ut. prabot, piranti-piranti II (W) êngg.pc.:bongkaran (omah lsp).
abrat-abrat: pc muncrat-muncrat, mancur-mancur.
(abrik): diobrak-abrik kn dirusak bosah-basih.
abrit: k abang.
(abrut): di-[x]-[x] pc 1 diudhal-udhal, 2 diêcèh-êcèh, kc. mobrat-mabrut.
absah: kn 1 wis miturut surasaning wêwaton ut. anggêr-anggêr (lumrahe tmr.babagan agama Islam), 2 êngg, pc. wis bèrès, wis lunas, di-[x]-ake: dianggêp (ditêtêpake) absah.
ada: I [x]-[x] kn 1 sêrat lajêr (ing godhong),
gagang (ing wulu), 2 ak congkog, 3 ar. têtêngêr ing tulisan Jawa (...)[6]
II (ut. [x]-[x]) kn: 1 wiwit nindakake (gawe) apa-apa sing durung tau ana, 2 panêmu (reka, usul lsp). kang wiwitan (durung tau ana), 3 suluk ing padhalangan, sugih [x]: sugih panêmu (reka) kang ditindakake, adane ... êngg lagi mangsane ... lagi ungsum ..., diadani: diwiwiti nindakake ada-ada.
adab ~ adol.
adab: (A) kn. ak alusing bêbudèn, tata krama, kasusilan.
adabiyah: kn ak adawiyah, adaniyah.
adaini: kn ak bayu gêdhe dalan gêtih (ing gulu), ngêtokake [x]: ent tumandang kalawan karosan (mêmpêng).
adama: (S) kw. ak asor, nistha.
adan: I (A) kn alok-alok dianggo ngelingake supaya padha salat, di-[x]-i ak: dielingake sarana adan. II di-[x]-i êngg kn: 1 diawat-awati, dirigênake (tmr. pagaweyan), 2 diladèni, kc dandan.
adang: n. bêtak k ngliwêt nganggo dandang (lan kukusan), kc. dang.
adangiyah, adawiyah: (A) kn pandonga (pamuji, pakurmatan), ing bêbukaning layang
adara: (S) kw. ak pangaji-aji, kurmat.
adas: kn ar. têtuwuhan wohe digawe tamba, lênga lsp; sêmbur-sêmbur [x] (siram-siram bayêm) pr: marga pujining wong akèh bok manawa bisa kalêksanan.

adat: (A) kn tatacara kang wis kêlumrah (wiwit biyèn mula), kalumrahan; [x]-e, [x] sabên: lumrahe kaya kang wis tumindak; owah [x]-e pc: edan; [x] waton (ing nagara) kang wiwit kuna mula: kc. padatan.
adawiyah: kn. ak adangiyah.
adbuta: (S) kw. ak nggêgirisi, bangêt, kêluwih-luwih.
adèn-adèn: kn dandanan lsp. kang digawe sarwa bêcik; kc. adi.
adêg: kn 1 ak. kaananing apa-apa sing njêjêr jêjêg (ora rubuh); 2 ênggone dadi (tmr. omah); 2 ênggone dadi (tmr. omah, yêyasan lsp). up. [x]-e mêsjid Dêmak; 3 ent. bêbaku, pokok, jêjêr; [x]-[x]: 1 cagak loro dianggo uwat-uwat; 2 ar. têtêngêr ing tulisan Jawa (...);[7] 3 bab (ing layang); [x]-[x] saka: mubêng ngganjrêt nganti kaya mênêng bae (tmr. gangsingan); ng-[x]: njêjêr jêjêg (ora rubuh); di-[x]-ake; 1 ditata (dipasang) ngadêg; 2 digawe (dianakake) tmr. pakumpulan, nagara lsp.; 3 (dijumênêngake 'ki) ditêtêpake (diangkat) dadi: ([x]-) [x]-an: 1 mung apadha ngadêg: 2 (jumênêngan ki) têtêpan (angkatan) dadi; kc. madêg, pangadêg.
adi: kw 1 linuwih; 2 bêcik; 3 kn. ar. windu; [x]-[x], adèn-adèn: (barang-barang) kang bêcik ut. pangaji bangêt; di-[x]-[x], diadèn-adèni kn. ak: 1 diaji-aji bangêt; 2 diêmi-êmi, digêmatèni bangêt; 3 êngg. pc. diugung, diênung-ênung (tmr. bocah cilik); di (-adèk)-adèkake; kc. èdi, ngadi.
adibusana: kw sandhangan kang bêcik; ng-[x] kw: macak, dandan.
adigang: kn. ak ngêndêl-êndêlake ênggone rosa (kuwat, digdaya, kuwasa).
adiguna: kn. ak. ngêndêl-êndêlake kapintêrake (kaluwihane).
adigung: kn. ak ngêndêl-êndêlake kaluhurane.
adiyah, adiyat: (A) kn. ak pawèwèh, ganjaran.
adil: (A) kn jêjêg anggone nibakake pêpancasan, ora pilih sih; di-[x]-i: dipriksa (ditimbang-timbang) êndi kang ala (salah) êndi kang bêcik (bênêr); kc.pangadilan.
adilaga: kw paprangan.
adimuka: (S) kw pangarêp, panggêdhe.
adipati: (S) 1 kw ratu; 2 kn sêsêbutane bupati mancanagara sarta pêpatih dalêm ing Surakarta lan Ngayogyakarta.
(adiraga): ng-[x] kw macak, dandan.
aditya: (S) kw srêngenge.
adiwignya: (S) kw pintêr bangêt.
adnyana: (S) kw. ak pangêrti, akal.
adu: n. abên k 1 ak. gêgathukan, gathuk (têpung), up. [x] tritis; 2 akon tarung, narungake, up. [x] jago; 3 rêbut unggul mungguhing ..., up. [x] bêgja, [x] kapintêran; 4 bumbu ut. campuran ing jamu lsp.; [x] arêp (abên ajêng k); arêp-arêpan, ana ingarêpan; [x] manis pc; gathuk trêp bangêt, cocog bangêt; [x] mancung; pojokane digathukake ana ing dhuwur bathuk (tmr. ikêt-ikêtan); [x] rasa ([x] sêmu); padha dene pasang ulat (arêp padu); di-[x]: 1 digathukake; 2 ditarungake: di-adon)-adoni dipun-abên-abêni k): 1 dijantoni, dibumboni; 2 diojok-

ojoki supaya padha padon (sarana diwaduli kang ora-ora); kc. adon, padu.
adul-adul: pc wadul marang; kc. wadul.
adus: kn. siram ki ngrêsiki awak sarana digêbyur (nyilêm lsp) ing banyu; [x] grujug; adus digrujug êndhase; [x] kringêt ent; (kanthi) kangèlan ut. rêkasa bangêt; [x] wuwung; adus êndhase (rambute) disiram (lan dikramasi); kc. dus.
adoh: n. têbih k amba antarane ut. lête (tmr. dununging panggonan, ent. tmr. aluraning saduluran); kc. doh.
adol: n. sade k 1 nawakake (nglilakake, mènèhake) barang dêdagangane (wêwênange lsp.) marang liyan kalawan lêliru dhuwit; 2 ent. ngaton-ngatonake, mamèrake; [x] ayu ([x] bagus): mamèrake ayun ([x] bagus): mamèrake ayune (baguse) supaya disênêngi; [x] awèh tuku arêp pc: têtêmbungane wong dodolan mratelakake yèn rêgane barange ora larang; [x] gawe: ngaton-ngatonake pagaweane supaya diaranana srêgêp; [x] gêmbès ks: laku palanyahan; [x] gêndhung pc: kumingsun, umuk; [x] lêpas ([x] têrus, [x] plas): adol palêmahane lsp. ora bakal ditêbus manèh: [x] umuk ([x] sêngung): sênêng sêsongaran: [x] gadhe ([x]sendhe): nggadhèkake palêmahane lsp: kulak warta [x] prungon pr: ngrungok-ngrungokake pawarta: [x] swara: ngapus-apusi; [x] taunan: nyewakake palêmahane (sawahe); kc. dol, dodol.
adon ~ (adhang).
adon: n. abênan k (jago [x]) kang diêdu; (adon-)adon n. abên-abênan k: 1 tarung, didu (tmr, jago lsp); 2 sêsambungan rêrakitan (ing balungan omah, piranti-piranti lsp); 3 campuran ut. jantu (ing jamu lsp); kc. adu.
ados: êngg. kn bungkêr (tmr. woh); kc. ngados.
adrès: (W) kn ngalamat (ing layang); di-[x]-i: ditulisi adrèse.
adrêng: kn kêpengin bangêt, kumudu-kudu; kc. dêrêng.
adrês: kw dêrês, bantêr.
adri: (S) kw gunung.
adya: kw adi.
adyaksa: (S) kw. ak pasaksi, jaksa.
aja: n. sampun k ora kêna (nindakake, nglakoni), ora prayoga yèn; [x] manèh ([x] silih êngg): 1 ora mung ... bae, sanadyan ...; 2 bok iya ... pisan; [x] sing ([x] manèh): ora mung ... bae, sanadyana (malah, bok iya) ...; [x] pisan (-pisan): ora kêna babar pisan (pamênging); [x] sok: ora prayoga yèn; [x] nganti: supaya ora; [x] ta ([x] si, [x] sinèh êngg): bok iya aja (nindakake); [x] sik ([x] dhisik): mêngko dhisik! [x] tan ora br: ora kêna ora, kudu; diajani kn: diojok-ojoki, dikon supaya nindakake.
ajag: I kn (asu [x]) asu alasan; di-[x] ak: diburu sarana dioyakake ing asu. II di-[x]-i kn: disêsêli (disêlani, ditanduri) tanduran liya, kayata pari gaga disêlani jagung.
(ajah): di-[x]-ake êngg. kn diajari nyandêr lsp.
ajaib: (A) kn. ak elok, nggumunake.

(ajak): [x]-[x], ng-[x] kn akon mèlu (nindakake); di-[x]: dikon mèlu (nindakake): [x]-[x]-an: padha ngajak.
ajat: I [x]-e êngg. pc jajale, coba! II ([x] kamulan) kn: asal, mula-buka, kawitan.III (A) kn: 1 ak. watês, wangênan; 2 mati, pati.
ajal ulihan: ([x] mulihan) kn. ak mulih (bali) marang asale.
ajang: kn 1 wêwadhahing sêga kang dipangan (piring lsp); 2 ent. papan kang dianggo (pêrang, karamean lsp.); tunggal [x] pc: tunggal pagawean; di-[x]-i: diwènèhi ajang; 2 ent. disêdiyani papan dianggo (pista, pakumpulan lsp).
(ajap): di-[x](-[x]) kn diarêp-arêp (dipujèkake) supaya.bisa; 2 (ut. [x]-an) pc.wulangan, panggêgulang; kurang [x] kn: murang tata, clinthisan; di-[x] I diwulang, digladhi supaya bisa; 2 (ut. di-[x]-i) digêgulang ut.dilêlatih supaya manuh (tmr. kewan); 3 pc. disrêngêni (dipilara lsp). II kn. ak: pandhita tapa. III kn irah-irahan jêruk.
ajat: I (A) kn.ak 1 niyat, pêpenginan 2 kabutuhan; kc. kajat. II (a) kn: slamêtan, kêndhuri.
(ajèk): di-[x] êngg. pc diajak.
ajèr: kn 1 luluh sarta dadi cuwèr (marga dipanasi lsp.); 2 ak. cuwèr; 3 ([x] ulate) pc. polatane katon sumèh (mari nêsu); kc. jèr.
ajêg: kn 1 têtêp ora owah-owah; 2 tansah bola-bali; di-[x]-ake: digawe ajêg, dilêstarèkake; [x]-an pc: tansah, pijêr.
ajêng: I k arêp, adhêp, aju; dipun-[x]-[x] k: diarêp-arêp; dipun-[x]-i k: 1 diarêpi; 2 diajoni; dipun-[x]-akên k: diarêp-arêp; dipun-[x]-akên k: 1 diarêpi; 2 diajoni; dipun-[x]-akên k I diarêpake, diadhêpake; 2 diajokake; [x]-[x]-an k: arêp-arêpan, adhêp-adhêpan. II k. ak: ayu:, kc mas-ajêng, dhiajêng lsp.
aji: I (ut.[x]-[x]) kn rapal, (donga lsp.) kang marakake bisa ngêtokake kaluwihan. II diajèkake kn. ak: diwacakake Kur'an (tmr. wong kang wis ajal); kc: ngaji. III n. aos k: 1 rêga, rêrêgan; 2 ana rêgane; di-[x]-[x], diajèni (disuhun-suhun ki); dikurmati bangêt, disungga-sungga; diajèni; disêgani; kc. pangaji. IV. kw: ratu. V (A) êngg. kn: 1 kaji, haji; 2 (wulan [x]) sasi Bêsar.
ajidan, ajudan: (W) kn ar. apangkat saradhadhu.
ajil: êngg aja.
ajir: êngg. kn anjir.
aju: I êngg enggal, rikat. II n. ajêng k: laku, mêngarêp, kc: undur; [x]-undur: mundhak sudane
diajoni: dicêdhaki sarana mlaku mêngarêp; diajokake: digawa (disodhokake lsp) mêngarêp; kc. maju, ajon, kêmajon. II (ut. ajo) êngg: aja.
ajudan: kn kc. ajidan.
ajug-ajug: kn 1 sanggan diyan ut. clupak, 2 êngg. peranganing garu (kang diango cêkêlan).
(ajum): di-[x] kw ditata, kc. êjum.
ajum: (W) kn pambantu, pangkat sangisore up. [x] jaksa.
ajur kn: 1 rêmuk, 2 luluh ajèr (ana ing barang cuwèr), 3 pc. rusak babr pisan, 4 ([x]atine).kakênan, kêpranan bangêt, kc. jur.

ajon: I kn gilirane kang maju). II [x]-[x] kn: undhakan (tmr. totohan, panganyang); di-[x]-[x]-i: diundhaki (tohe, panganyange).
ajrih: k wêdi.
adha: êngg. kn bêndungan.
(adhag): ng-[x]-[x] kn 1 ngênthak-ênthak ora katutupan; 2 turu mlumah; di-[x]-[x]-ake: dilumahahake.
adhah: êngg kn wadhah; di-[x]-i êngg: diwadhahi.
adhakan: kn 1 gampang kêtêmune (golèk-golèkane), kêrêp kêsrambah: 2 cakêt, cêdhak; adhakane: kalumrahane sok banjur ...
(adhang): di-[x] kn diêntèni têkane, (ana ing dalan); di-[x]-i ak: dicêgati, dipêpêti, (sarana tangan dijêpapangake).
adhangan ~ ahêngkara.
adhangan: kn.ak tanpa karibêdan apa-apa; kc. dhangan.
adhèg: kn usêl-usêlan arêp lêlakèn (tmr. kewan).
adhèyan, adheyan: kn nyirig bantêr (tmr. lakuning jaran): diadhèhake: dilakokake adhèhan.
adhèk: êngg. kn adhi
adhèng: kn mari sêdhih (-lara, -susah).
adhêl: (W) kn isih darah.
adhêm: n. asrêp k 1 anyêp, ora panas, 2 pc.sarèh, ora sêrêng, 3 pc. kurang sathithik saka bobote kang mêsthi, di-[x]-i: 1 (ut.di-[x]-ake) digawe luwih adhêm, 2 ak. (atine) ak. diarêm-arêmi, dilipur, [x]-an êngg. ak: wêngi (dianggo petungan).
adhêp: n. ajêng k arêp (ênêr); di-[x] kn: 1 (ut. di-[x]-ake) diarêpake (dumunung ana ingarêpe); 2 disowani, diseba ing; di-[x]-i kn: dicêdhaki ing, disèlèhake ingarêpe; [x]-[x]-an: 1 n. ajêng-ajêngan k: arêp-arêpan; 2 kn. apa-apa kang diadhêp; kc. madhêp.
adhi: kn. rayi ki. 1 sêdulur ênom; 2 ent somah; 3 barang kang tunggal wangun nanging luwih cilik.
adhik: êngg. pc. adhi.
adhing: êngg. kn nanging mêksa ...
(adhu): di-[x] êngg. pc digadhon.
adhuh: pc pasambat lara, gumun lsp.
(adhuk): di-[x] êngg. kn dipaculi didhudhukake; kc. campur adhuk.
(adhul): di-[x]-[x] kn diudhal-udhal sarta diawut-awut.
adhum: I kn. ak edhum, eyub. II [x]-[x]-an kn.ak: rêrêmbugan prakara wadi.
adho: I êngg.kn patrap, cara; di-[x] êngg: 1 ditrapake; 2 ditata, dipranata. II pc. adhuh.
adhong: êngg. kn bngs. irig dianggo golèk iwak.
ae: êngg. pc bae.
aèn: êngg mêsthi kc. ngaèn.
aèng: kn elok, anèh.
aèr blanda: êngg. pc banyu landa.
(aès): di-[x] kw dipaèsi, dipacak.
aêm: êngg. pc mangan (têtêmbungan bocah cilik).
aga: êngg. pc 1 saga; 2 jaga.

(agag): di(-[x])-[x]-i kn diacungi gêgaman lsp (kaya arêp ditamakake).
agahan: kn ati kêsusu sarta sumaguh arêp tumandang (nampani, nindakake).
agak: I êngg. kn pangarêp, lêlurah. II di-[x]-[x]-i êngg. kn: diagag-agagi. III êngg. kn: kira; yèn [x]-e êngg: mênawa sakira ... di-[x] êngg: dikira; ng-[x]-[x] êngg: ora turu-turu marga akèh kang dirasakake.
agal: kn 1 ora lêmbut; 2 ent. kasar, wadhag; di-[x]-i ak: 1 ora dilêmbutake; 2 dikasari, dipêksa.
agama: n. agami k kêklumpukaning tatacaraning panêmbah, piwulang-piwulang, pangandêl tuwin tindak kautaman.
agan: êngg. kn sêdiyan, jagan.
(agar): ! ng-[x] kn.ak gawe gêni sarana kayu digosokake; ng-[x] mêtu kawul pr: nggêgasah ora digape; kayu [x]-an ak: kayu kang dianggo ngagar. II di-[x]-[x]-i kn: diagag-agagi.
age: kn. ak enggal, rikat; [x]-[x] rêrikatan.
agèh: I êngg ayo. II di-[x]-i êngg: diwènèhi.
agèk: êngg lagi.
agèn: (W) kn 1 wong kang dadi panglantar ngêdolake dagangan saka pabrik (toko gêdhe); 2 (pulisi-[x]) êngg. upas pulisi jaga dalan.
agêl: kn sêrating kulit (papah) gêbang (sok digawe tali lsp).
agêm: I kn 1 bêntèlan pari (kurang luwih 5 kati); 2 êngg. wilangan pari ana 25 bêntèlan (± 375 kati). II [x] dalêm (rasukan lsp) ki: klambimu; di-[x] ki: diênggo.
agêng: k gêdhe.
agêp: êngg arêp.
agêr-agêr: kn bngs. têtuwuhan sêgara kang digawe gudir.
agi: pc lagi.
(agir): ng-[x] kn têturon mêngkurêb êndhase njêngèngèk; di-[x]-i ak: dituroni mêngkurêb.
agya: kw enggal, rikat; kc. age.
(aglah): ng-[x] êngg. kn linggih mêpêti dalan (ana ing têngah lawang lsp).
aglar: kw gumêlar, ditata gumêlar; kc. gêlar.
aglis: kw gêlis, enggal.
agni: (S) kw gêni.
agnya: (S) kw prentah, pakon.
agnyana: (S) kw. ak akal, pangêrti.
aguk: êngg. kn gumêdhe, anggak.
agul-agul: kw gêgêdhug, andêl-andêl.
agung: 1 kw gêdhe; 2 kn. akèh banyune (tmr. kali, sumur lsp); tiyang [x] êngg.k: wong akèh.
agus: êngg ak bagus (sêsêbutan anake priyayi kang dudu darah).
Agustus: kn sasi Wlanda kang kawolu.
(agol): di-[x]-[x]-i kn diêndhêg-êndhêgi, dialang-alangi; kc. gol, kagol.
(agop): tan-[x] (ora-[x]) kw ora kêndhat, tanpa lèrèn.
agor: kn gêdhe sêmu êrak (tmr.swara); ng-[x]-[x]-i: swarane wiwit malih gêdhe (tmr. bocah lanang).

agra: (S) kw pucuk, puncak.
(agrang): di-[x]-ake kn. ak disèndhèkake; kc. anggrang.
agrêng: kn. ak (alas [x]) alas gêdhe.
agrin:g kw lara kc. gêring.
(agru): di-[x]-[x] ... (diagro-agro ak) dirusuhi, dibêbeda, diganggu.
agrong: kw (jurang [x]) jurang jêro.
ah: pc sabawa nelakakake wêgah, ora kêduga lsp.
Ahad: (A) kn. ak dina Ngahad (kang kapisan).
ahêngkara: (S) kw. ak angkara.
(ahyas) ~ akèn.
(ahyas): di-[x] kw. ak dipacak, dipaèsi; kc. aès.
(ahlèn): lênggahan [x] êngg jagongan kaya sacaraning sêdulur (kb. lênggahan pranatan); kc. ahli.
ahli: I (A) kn wong kang pintêr (putus) ing sawijining kawruh. II (ut. ahli waris) kn: sanak sêdulur, krabat.
ahlul: (A) kn. ak wong kang pintêr (putus) ing ...
ahlul sunat wal jama'at: (A) kn maton pangibadahe (tmr. Islam).
ahwaya: (S) kw. ak jênêng, aran.
ai: êngg sabawa nelakakake maido lsp.
aib: (A) kn. ak ora kasatmata, winadi; kc. gaib.
ail: kn kêsêl tmr. cangkêm (kaya upamane mangan jagung).
aing: I êngg nanging. II êngg: aku, -ku.
aingan: êngg kakèhan pawadan.
(ait): di-[x] êngg didudut, disingkirake: kc. sait.
(aya): di-[x]-[x] kn ditindakakake (digarap lsp) kanthi rêkasa.
ayab: êngg. kn bgns,[8] jaring gêdhe nganggo garan dawa; di-[x] êngg; diwatun; kc. ayap, sayab.
ayag: I yèn [x]-e êngg, pc yèn agake (kirane). II [x]-[x]-ên êngg. ak: awang-awangên ut. rumangsa wêgah.
ayah: I kn sabawa nelakakake maido, ora cocog; kc. yah. II pc: wayah. III ng-[x] êngg: ngawang, ngawur.
ayahan: kn pagawean (atas saka prentahing dhêdhuwuran) kang kudu ditindakake.
ayak: I ut. ayake pc 1 mêsthine, wis gênah; 2 patute, bok mênawi bae; kc. layak. II di-[x] kn: disaring (tmr. glêpung, wêdhi lsp); [x]-an: saèm. kalo dianggo nyaring, III di-[x]-i êngg: diundang (ing panggêdhe, dikon nyambutgawe lsp); [x]-[x]-an: ar. gêndhing.
ayam: I k pitik. II ng-[x]-[x] kn. ak: 1 ngancam, ngagag-agagi; 2 ngarêp-arêp bangêt; 3 saèm. nyirig (tmr. jaran).
ayam-ayaman: kn ar. manuk bngs. mliwis.
ayam-alas: kn bngs.pitik alasan (bisa mabur); nusup ng-[x] pr: nlusup mênyang ngêndi-êndi.
ayan: kn (ar.ut.nandhang) lara yèn angot tiba banjur muruh.
(ayang): di-[x] êngg kn: ditulungi, dibantu; kc. èyèng, ngayang.
ayang-ayangan: kn tansah ngolah-ngalih (ngusungi barang darbèke).
(ayap): di-[x] kw diiring (digrêbêg) ing (para abdi lsp); kc. ayah.

(ayar): di-[x] kn 1 (ut. [x]-an) êngg. disuwir-suwir; 2 êngg. diênam (tmr.pandhan, mendhong lsp); 3 dipepe sarana dibyakake (dijèrèng. tmr. pari).
ayat: I di-[x]-i kn 1 kw. dipênthang (tmr. gêndhewa); 2 ak. disrêmpêng têmênan ênggone arêp ngarah; 3 êngg. diwiwiti ditindakake; kc. mayat. II (A) kn: pêperanganing surah ing Kur'an ut. ing Kitab Suci.
ayêm: kn 1 ora ngrapak (tmr. têmbako); 2 ora kêgaringên (tmr. têtuwuhan); 3 ora duwe susah (sêdhih); ng-[x]-[x], [x]-[x]-an: ngenak-enak (ngatonake yèn ayêm atine); kc. yêm.
ayêng: êngg, kn nganglang, mubêng-mubêng (mriksa lsp); kc. mayêng.
ayêr: êngg. kn wong kang ngawat-awati wong kang padha nyambut gawe; di-[x] êngg: diawat-awati (ênggone padha nyambut gawe); [x]-an: 1 ak. saèn, pagawean aradan (gugur gunung); 2 êngg. cêkêlan, tanggungan.
ayid: kn sêmu plikêt kaya ana yiyide.
ayu: 1 kw bêcik, slamêt, rêja; 2 kn. bêcik rupane (tmr. wong wadon).
(ayub): ng-[x]-[x] kn ak katon nglêntruk pucêt; [x]-[x]-ên: durung padhang pandêlênge isih ngantuk (tmr. mêntas tangi turu).
ayuh, ayuk: pc ayo.
(ayum): di-[x]-i êngg. kn disulami, ditambal (tmr. jala lsp).
ayun: kw arêp; ing- [x](-an) kw: ingarêp(-an).
(ayut): di-[x] kn. ak dibrayut, dikayut, digayut.
ayo: n. mangga k. sumangga ki têtêmbungan mratelakake ngajak; kc. ayon.
ayom: kn eyub (marga kalingan ing gêgodhonganing witwitan); ng-[x] ... ngeyub; 2 njaluk pitulungan supaya diawat-awati; di-[x]-i: 1 dieyubi, diaubi; 2 dipitulungi lan diawat-awati.
ayon: I kn padha rêrukunan sumêdya bêbarêngan tumandang (nindakake kang ora bênêr). II di-[x]-i kn: 1 ditakêr manèh; 2 êngg. nêdya arêp dilawan (ditandhingi) III [x]-[x] êngg. kn: badhut (banyolan) cilik.
aywa, ajya: kw aja.
Akad: (A) kn dina kang kapisan.
akal: (A) kn 1 pikiran, nalar; 2 reka, srana dianggo ...; [x]-[x] pc: golèk reka, nindakake reka; [x] koja pc: pintêr ngapusi; di-[x]: 1 direkani, diapusi; 2 pc. disanggama.
akal-bakal: kn. ak cakal-bakal.
akalpa: (S) kw.ak rêrênggan, pasrèn.
akang: kw.ak kêsêl, sayah.
akar: kn 1 êngg. oyod(-oyodan); 2 ([x] bahar) ar. têtuwuhan ing sêgara sok digawe gêlang.
akara: I (S) kw.ak aksara a (...)[9] II (S) kw.ak: wangun, rupa, wujud.
akas: kn 1 garing sarta rada atos (tmr. sêga lsp); 2 êngg. cukat, trêngginas, sigrak.
akasa: (S) kw langit, awang-awang.
akbar: (A) kn.ak maha-agung, gêdhe dhewe.

akèh: n. kathah k ora sêthithik; di-[x]-i ([x]-ake): diundhaki kèhe; sing lumrah.
akèn: k akon.
akerat ~ alêsan.
akerat: (A) kn jaman sawise pati.
(akên): dipun [x] k diaku.
(akêp): di-[x] kn dilêbokake ing cangkêm banjur diingkêmi (rokok, pipa lsp).
aki-aki: êngg. kn kaki-kaki.
akik: kn ar. watu mawa warna sok digawe mata ali-ali.
akil: (-balèg) (A) kn wis diwasa.
aking: kn garing (tmr. kayu, sêga, ent. tmr.awak).
akir: I (A) kn 1 ing têmbe; 2 sawise, pungkasane; kb. awal. II êngg. pc. akil(-balèk).
akyan: (A) kn. ak mata.
aku: I n kula k. abdi-dalêm, adalêm ki têtêmbung sêsulih wong kang gunêman. II ng-[x] n. ngakên k: blaka, walèh; di-[x]: 1 dianggêp darbèke, didhaku; 2 dirêngkuh (dianggêp) kaya (anak, sadulur lsp); diakoni: diandhêmi kalawan blaka.
akum: kn.ak wis êmpuk lsp. marga dikum; kc. kum.
akur: (W) pc 1 rujuk; 2 mupakat, cocog.
akon: n akèn k. ngêndikakakake, ngêrsakakake, ndhawuhi ki: kandha supaya wong liya nindakakake (tumandang); kc. kon, kongkon, pakon.
akrab: (A) kn kula-warga, sanak-sanak sêdulur.
akrak-akrak: kn. ak ropoh lsp. dianggo mêpêti.
akral: kw. ak kiyêng, rosa.
akram: kw. ak sumorot, sumunar.
aksa: (S) kw. ak mata.
aksama: (S) kw pangapura; di-[x] kw: diapura.
aksamala: (S) kw.ak tasbèh.
aksara: (S) kn tulisan gambaring swara ut. wanda.
aksi: I (S) kw mata. II (W) kn: 1 tandang; 2 tumindak ngêcakake ada lsp.
akwan: kw. ak akon.
akwèh: kw.ak akèh.
ala: n. awon k ora bêcik; [x](-ne) ..., bok iya n: tinimbang ... bok iya ...; ala ..., dene ... n: tinimbang ... luwih prayoga ..., [x]-[x]: sênadyana ala; [x] dulune ak: ora pantês didêlêng ing liyan; [x] nganggur; mung timbang nganggur; di-[x]-[x] dirasani lps.kang ora bêcik; dialani: digawe ala ing; dialan-alani: disêbabake dadi ala; dialakake; diunèkake (diarani ala); kc.alan,piala.
(alab): mêng-[x]-[x] kw mblabar-mblabar, ambèr; kc. lêb, lèb.
(alad): I [x]-[x] kn.ak pacalang, kongkonan; di-[x]-[x] ak: dikandhani (diwèhi wêruh) ing sadurunge. II ng-[x]-[x] kn: murub mubyar-mubyar ndêdêl munggah.
alah: kw. ak kalah.

alah dene: kn 1 (ut.alahe) tinimbang mung ... (bok iya ...); 2 wis nindakake nanging tanpa guna (ora ana gunane), alah nganggur ak: ala nganggur.
alah ora: kn gêlêm ora-ora (ênggone tumandang).
alah silih: kn.ak (yèn mung) mêngkono bae, ora pêrlu ...
alal bêhalal: kn ngabêkti marang wong-wong tuwa (dhêdhuwuran) pêrlu njaluk pangapura (ing mangsa Lêbaran).
alam: (A) kn 1 jagat, donya; 2 ing wêktu, mangsa (kang suwe); ora [x] ak: ora lumrah; di-[x]-i: wis dilakoni (tmr. kaanan lsp) [x]-[x]-an pc. mangsan.
alamat: (A) kn 1 tandha bakal ananing lêlakon; 2 adrès ing layang.
alam akir: kn jaman akerat.
alam arwah: kn jamane (alame) para sukma.
alam bok alam: pc Allahu alam.
alam-donya: kn donya iki.
alam kabir: kn jaman kang bakal sirna (donya iki).
alam sahir: kn jaman kalanggêngan.
alan-alan: n. awon-awon k 1 jinis kang ala; 2 êngg. kang diarani (dianggêp) ala.
alang: I kn sisih kang cêndhak, kb.ujur; di-[x]-ake: disèlèhake (ditrap) malang; kc. malang. II di-([x]-)[x]-i n.dipun pambêngi k: 1 dipêpêti; 2 diribêdi, dicêgah, dielikake supaya ora nêrusake (niyate); 3 diwêlani (tmr. cicilan utang(; ([x]-) [x]-an n. pambêngan k: cêgah, têngadur; kc. malang, palang. III [x]-[x] êngg. ak: njaluk ujuran; [x]-[x]-an êngg. ak: ujuran.
alang-alang: n kambêngan k: ar. têtuwuhan bngs. sukêt..
alang-ujur: kn 1 amba sarta dawane; 2 ent. pêrnah, dunung: ora wêruh alang-ujure; ora wêruh kn: dijupuk, dipèk pêrnahe (ênggone mati).
(alap): I di-[x] êngg; ng-[x] dho pr: ngrangkêp guru (bojo); [x]-[x]-an: padha dene arêp ngêpèk bojo, rêbutan wong wadon. II [x]-[x] kn: ar. manuk mangsa daging.
alap-ingalap: kn sêdulur lanang wadon olèh sêdulur wadon lanang.
alas: n. wana k 1 palêmahan jêmbar sing kêbak ing witwitan gêdhe-gêdhe; 2 êngg. têgal; [x]-an n. wanan k: 1 kang durung digarap ing wong; 2 kang manggon ing alas.
alasan, alêsan: êngg. pc dhêdhasar, wêwaton kang dianggo nyêbutake.
alas gung: (-liwang-liwung) br alas gêdhe bangêt.
alas grêng: ak alas gêdhe arungkud; kc. sigrêng.
alat: I kn walat. II [x]-e êngg: ing nalika jênate si ...
aldaka: (S) kw gunung.
alèn-alèn: kn gêlangan cilik; kc. ali-ali.
alès: kw lunga.
(alêm): di-[x] kn disêbut kabêcikane (kaluwihane); [x]-an 1 sênêng dialêm; 2 êngg. ugungan.
(alêmbana): di-[x] kw dialêm.

alêng: êngg, kn aluwung.
alêp: kw bêcik (ayu, bagus) bangêt.
alêran: êngg. pc galêran, aluran.
alêsan: êngg. pc dhêdhasar, wêwaton; kc. alasan.
ali ~ amad-dalêm.
ali: pc ahli.
ali-ali: n. sêsupe k gêlangan cilik rêrêngganing driji.
alib, alip: kn. ak 1 wêwênang ngundhuh (ngênèni) tanduran kang isih ana ing sawah kang disewa sabakdane pêrjanjiyan êntèk; (ut. alipan) êngg. bayar mirunggan marang (ahli-warise) priyayi kang mêntas tinggal donya.
(alih): ng-[x] n. pindhah k ganti ênggon; [x]-an n.pindhah k: 1 mênyang ing panggonan liya (ganti omah lsp); 2 mingsêr ganti ênggon; kc. êlih.
alih-lintang: kn.ak ijolan ênggon.
aliyas: (W) êngg. pc padha karo, jênênge liya.
alik: I ut. alika êngg. pc.aluwung. II ng-[x]-[x] êngg. kn: galik-galik (tmr.swara). III di-[x] êngg. pc: diwalik; kc. olak-alik.
alim: (A) kn 1 ora sênêng pêpadon; 2 ak. pangapura; 3 ak. ahli sastra, pujangga, pintêr; kc. kaliman.
aliman, alimun: (A) kn. ak maha-wikan.
(alin-alin): kw (bangun [x]) susah, prihatin.
(aling): I [x]-[x] kn 1 apa-apa sing dianggo tutup (tèdhèng) supaya ora katon lsp; 2 nganggo tutup (tèdhèng); 3 sarana kang dianggo nutupi pialane lsp; tanpa tèdhêng [x]-[x]: ngêblak, blaka, barès; di-[x]-i: ditutupi (kasalahane lsp). di-[x]-[x]-i: ditutupi ing aling-aling; [x]-[x]-an; nganggo aling-aling, ampingan ing saburine. II [x]-an êngg. kn: wong kang wajib nyambut gawe ing panggonane prabot desa.
alip: (A) kn 1 ar. aksara Arap kang kawitan (I): 2 ar. taun kang kapisan (ing windu); ora ngêrti [x] bengkong pc: ora bisa maca ora bisa nulis; kc. alib.
aliran: êngg. kn ilèn-ilèn.
alis: kn. imba kl rambut sadhuwuring mata
alis-alis: (ut.alês-alês êngg) kn ar.prau.
alit: k cilik.
ali-waris: pc ahli waris.
aliwawar: kw (sindhung [x]) angin gêdhe, prahara.
alla: kw aja.
alkamdu lillah: (A) kn muga Allah linuhurna (kanggo sabawaning kagèt, gumun lsp).
Allah: (A) kn. Roh kang mahasampurna kang nitahake jagad saisine.
Allahu akbar: (A) kn Gusti Allah maha agung (sok kanggo sabawa nelakakake gumun bangêt).
Allahu alam: (A) kn Gusti Allah kang priksa (kêrêp dianggo atêgês: êmbuh katêmahane, ora ana sing wêruh).
Allahu tangala: (A) kn.ak Gusti Allah kang mahaluhur.
almarhum: (A) kn.ak swragi (jênate).

alMasih: (A) kn.ak Sang Panêbus (Nabi Ngisa).
almênak: (W) kn pananggalan.
alu: kn kayu gilig dawa piranti dianggo nutu (nosoh, ndhêplok lsp); nyagak [x] pc: nyambut gawe giliran.
(alub): di-[x]-[x]-i ka 1 digodhog dhisik sadurunge diolah (tmr. iwak, jêjanganan lsp); 2 êngg. dikêrik dhisik (sadurunge dipaèsi (tmr. pangantèn wadon:; kc. alup.
aluk: I (ut. [x]-a) êngg. pc. aluwung. II (adoh) ng-[x]-[x] pc: adoh bangêt.
alul: kn putus ing; kc. ahli, ahlul.
alum: kn 1 ora sumringah sarta lêmês (tmr.godhong, tamanan lsp); 2 ent.lêmês, tanpa daya (tmr.badan); 3 ak. suda ut. mari (larane).
alun: kn ombak ing pasisir; kc. êlun.
alun-alun: kn palêmahan jêmbar ing sangarêp tuwin saburining kraton (ngarêp kabupatèn, têngahing kutha).
(alup): di-[x] kn didhandhang ala dening swara(ning asu mbaung lsp); kc. alub.
(alur): di-[x]-ake kn digênahake (ditêrangake, dijlèntrèhake) urut-rurtaning sêduluran (prakara lsp); [x]-an 1 êngg. urut-urutaning tipak kêbo; 2 urut-urutaning sêduluran (lêlakon, prakara).
alus: kn 1 ora kasab ut. ora mbradhil (grayang-grayangane(; 2 (ut. [x]-an) bêcik, ora goroh (tmr.garapan, dandanan lsp); 3 sarwa tata lan sarèh, ora grusa-grusu (tmr.bêbudèn, tindak-tanduk); 4 ora wadhah, ora kasatmata (sukma,roh); di-[x]-i ak: dirêngkuh (ditindakake) alus; kc.êlus.
aluwung: kn luwih bêcik ... (... tinimbang ...); kc.luwung.
alo: I êngg. kn kaponakan. II di-[x]-[x] êngg.kn: dipengini, diantu-antu.
alod: kn. ak alot.
alok: kn mbêngok sêru jalaran ngonangi (maling, kobongan lsp) d-[x]-[x]-i êngg: dielikake; kc. êlok, lok.
alon: kn 1 (ut. [x]-[x]) rindhik, ora kêbantêrên; 2 sarèh, ora kêsusu; 3 êngg. lirih kc. lon.
along: I êngg. kn olèh akèh (tmr. misaya iwak). II kn.ak: salong (ana kang). III êngg: aluwung.
alot: kn wulêd (tmr. daging lsp. kang dipangan).
alpa: (S) kw sêthithik, cacad, kurang, kc: kaalpan.
alpabèt: (W) kn carakan abc.
alpaprana: (S) kw.ak kanthi abab sêthithik (aksara lumrah).
alpèrès: (Prt) kn.ak pangkat saradhadhu saèm. litnan.
alpita: (S) kw. ak kêkurangan, cacad.
alpokat: êngg adpokat (bngs. jambu).
altar: (W) kn.bngs. meja dianggo ngunjukake kurban.
ama: kn 1 sarupane kang agawe rusaking tanduran; 2 lêlaraning têtanduran.
amad: (A) kn.ak batur.
amad-dalêm: êngg. kn juru kunci ing pasarean.
(amah) ~ ambon-ambon.

(amah): ng [x]- [x] êngg.kn 1 nêpsu bangêt; 2 tansah kêpengin mêmangan.
amal: (A) kn 1 ([x] kadonyan) bandha, barang darbe; 2 êngg. panggawe bêcik.
aman: (A) êngg. kn 1 têntrêm, ora rusuh; 2 sarèh.
amanat: (A) êngg. ak ayahan, kang dipracayakake.
(amang): di-[x]- [x]-i êngg diagar-agari, diagag-agagi.
amara: (S) kw luput ing pati (dewa).
amarah: (A) kn.ak kanêpson, nêpsu.
amaranggana: (S) kw widadari.
amarga: n. amargi k awit, jalaran.
amat: I kn.ak guna, paedah; kc. mat. II (A) kn.ak:batur wadon; kc.amad. III di-[x]-[x]-i pc: diawat-awati, diawasake.
amba: n. wiyar k 1 ora ciyut; 2 jêmbar; 3 sisih kang cêndhak (alang). diambani, diambakake: diundhaki ambane.
amba: kw 1 batur; 2 aku, -ku.
ambah: I [x]-[x] kn (ungsum) lêlara nular; di-[x]: 1 dicaki, ditapaki (diliwati lsp); 2 dianggo liwat (mlaku, mrau lsp); [x]-[x]-an: 1 êngg. ungsum lêlara nular; 2 papan kang kêrêp diambah; kc. kambah. II sêkolahan [x] (W) kn: sêkolahan kriya (patukangan).
(ambak): mêng-[x]-[x] kw katon gumêlar, ngilak-ilak.
ambak-ambak, ambak-ambing: pc sabênêre (sanyatane) bae ...
ambak-ambak, ambakna, ambak-ambakne, ambaknea: êngg. pc sanadyana ... kok ...
ambakna, ambak-ambakane(a), ambakpuna wong, kok ...: pc ya bênêr ... nanging (ewadene) kok ...
ambal: I kn 1 pancadan ut. andhan-andhan (dianggo munggah ing prau, sêpur lsp); 2 (ut. [x]-[x]-an) pancadaning undhak-undhakan, unton-unton andha; [x]-[x]-an êngg: 1 undhak-undhakan; 2 palêmahan kang tundha-tundha saèm. undhak-undhakan; 3 êngg. bola-bali. II êngg. kn: ping, kaping; di-[x]-i êngg: dibanèli manèh.
amban: êngg. kn rêndhêt, tamban.
ambar: kn ar. jasad kang ambune wangi; ng-[x]: mambu wangi.
ambara: (S) kw awang-awang; kc. ngambara.
ambaro: êngg. kn tembok ing sagara dianggo aling-aling palabuhan.
(ambat): di-[x](-i) êngg ditarik (tmr. tampar lsp).
ambawang: êngg. kn pakèl.
ambèk: êngg. pc kambi, karo.
ambèn: kn lincak gêdhe dianggo turu (linggihan); [x]-[x]-an: lincak dianggo ngusung mayit lsp.
ambèr: kn lubèr, mblabar.
(ambêk): I [x]-an kn 1 napas, lêbu wêtuning hawa ing irung (kêbuk); 2 nyêrot lan ngêtokake hawa. II. kn: 1 watak; 2 awatak. duwe bêbudèn; 3 êngg. umuk, duwe anggêp luhur lsp. 4 êngg. rèwèl (tmr. bocah); di-[x]-i ak: dirêngkuh kalawan ambêk (umuk); kc. pambêkan. III [x]-ane êngg: ambakna (ambaknea).
ambêk darma: kw wêlasan (sênêng têtulung).

ambêk pati: br ora wêdi marang pati (wani mati).
ambêk siya: kn awatak siya marang.
ambêk sura: kw kêndêl bangêt.
ambêk wani: br kêndêl, kumêndêl.
ambêk wêlas: kn wêlasan.
ambên: I kn sabuk (ing wêtêng jaran), sabuk. II êngg. pc.: sabên.
ambêng: kn 1 (ut. [x]-an) sêga sarampadane lsp. kang dikêpung ing nalikane slamêtan; 2 kêpung lan njaga; [x]-an êngg ki: ajang.
ambêng-ambêng: êngg. k alang-alang.
ambêt: k ambu.
ambêtan: êngg. k durèn.
ambi, ambik: êngg. pc kambi, karo.
(ambil): di-[x] kw dijupuk; kc. ombal-ambil.
ambing: kc ambak-ambing.
ambyah: kn. ak mratah, akèh bangêt; kc. êmbyah.
ambyak-ambyakan: êngg. pc bubar lunga mrana-mrana; kc. byakbyakan.
ambyang: êngg. kn sukêt garing lsp. (dianggo urub-urub).
ambyar: kn 1 kêmpêl banjur buyar (pêcah sumyur); 2 pêpisahan (bubar) buyar mrana-mrana.
ambyuk: kn têka (ngumpul, nêmpuh, mèlu lsp.) bêbarêngan.
ambyur: kn nyêmplung ing banyu (anjlog saka ing dhuwur).
ambyog, ambyok: êngg. kn têka ing omahe wong wadon têrus manggon (tmr. wong lanang).
amblas: êngg. kn lunga bablas, ilang.
amblêg: kn 1 mlêsêk mêngisor (tmr. lêmah lsp); 2 dhêkok mlêsêk (tmr. mata, irung); 3 êngg. pati gêni.
amblês: kn mblêdhês (mlêbu) ing banyu (amblês lsp).
amblong: kn amblês têrus bolong (tmr. lêmah).
ambu: n. ambêt k kang dirasakake dening irung (yaiku wangi, bangêr, basêng lsp); di-[x]: dirasakake ambune sarana irung; diamboni: diathungi apa-apa supaya diambu; kc. ambon-ambon, mambu, pangambu.
ambuda: (S) kw. ak mêndhung.
ambul: I kw nrambul, mèlu mbantu. II. êngg. kn: sêmbrana, bandhol.
ambulung: êngg. kn wit nipah.
ambung: kn tumèmpèling irung ing pipi (bathuk lsp); di-[x] kn. diaras ki: ditèmpèli irung (ing pipine lsp).
(ambur): I di-[x] kn. ak: diambus. II di-[x] êngg. kn: disêbar ing pawinihan (tmr. pari); [x]-an êngg: pawinihan.
(ambus): di-[x] kn diambu (ing kewan).
ambuwaha: (S) kw. ak mêndhung.
(ambo): di-[x] êngg. kn dipasang arêp dibèbèr (tmr.layar).
ambok: I êngg bok mênawa; kc. mbok. II ut. ambokna êngg: ambakna, sanadyan.
ambon-ambon: n. ambêt-ambêtan k apa-apa kang nganakake ambu.
(ambra) ~ ampeyan.

(ambra): ng-[x]-[x] kn dadi jênggar (mratah, nular-nular lsp).
(ambrah): di-[x]-[x] êngg. kn diwratak-wratakake ngêbaki ênggon.
ambral: kn. ak. panggêdhening prajurit lautan; kc. amral.
ambrih: êngg. ak amrih.
ambrik: kw amrik.
ambril: kn dluwang rêmpêlas; kc. amril.
ambring: kn 1 (ambrêg êngg) rubuh ing lêmah (tmr. wit, omah lsp); 2 ora bisa nêrusake adêge (tmr. dêdagangan, wong omah-omah, pakumpulan lsp).
ambrung: I kn anggrung (swara gêdhe ngumandhang). II êngg. kn: ambyuk ing.
ambrol: kn 1 rusak bêdhah ut. jêbol (tembok, krêtêg lsp); 2 êngg. rontog, gogrog (gêgodhongan).
ame: I êngg mepe; kc. pe. II di-[x] (ut diamekake ak) kn: tansah diucapake lan dipengini bangêt; ng-[x]: ndlêming, nglamong.
amèk: n. mêndhêt k 1 (ut. amik) êngg. njupuk; 2 golèk (kayu, iwak, wowohan lsp); kc. pèk.
amèn: I êngg. pc.: pijêr, tansah. II ut. amèn-amèn êngg. kn: lunga mrana-mrana golèk panggawean ut. mbêbarang.
amèr: kn rada ngêmu banyu (tmr. sêga, arêp mambu).
amèt: I êngg. kn 1 njupuk; 2 golèk; kc. amèk. II êngg. kn.: sêmu pait (rasane).
amèt ati: kn katon sumèh (ngrêsêpake).
(amêl): di-[x]-[x] pc dipangan bola-bali.
amêm: kn mênêng ora sugih omong.
amêng: I êngg. pc:mung, nanging. II [x]-[x]: 1 ki. dolan; 2 êngg. dolanan.
(amêr): di-[x]-[x] kw diarih-arih, ditrapi têmbung manis; kc. ngamêr.
amêrga: n. amêrgi k awit, jalaran.
amês: I êngg. ak umês (ngêmu banyu). II êngg. kn: dhêkok (tatu).
amêt: kn wilanganing pari ana 25 gèdhèng.
amik-amikan: êngg. ak pacitan, nyamikan.
amil: (A) êngg. kn punggawa mêsjid desa.
amin: (A) kn muga kêlakona mangkono (dianggo ing pungkasaning sêmbahyang); [x]-[x] êngg. pc: kêndurèn, slamêtan; di-[x]-i: 1 diwangsuli amin; 2 dimupakati dirujuki.
aming: êngg. pc 1 mung; 2 nanging.
amis: kn ambu kaya dene ambuning iwak loh; [x] bacin: ent. kasusahan, karibêdan (prakara kang kurang nyênêngake).
amit: kn. kula nuwun ki diucapake yèn duwe rasa (tindak) kang murang tata-krama, dêksura lsp.
amlang: kw mbranang, sumringah, sumunar.
amla: (S) kw kêcut.
amlas-asih: kw mêmêlas.
amlêng: kn 1 pc. ora ana kabare, mênêng bae; 2 êngg. sêpi nyênyêt; 3 ak. judhêg, jibêg.
amu: I êngg ko-. II ng-[x] (-[x]) êngg. ak: ngundhat-undhat, ngala-ala.

(amud): di-[x]-i kn dilêbak-lêbokake ing cangkêm.
amuk: I mbarang (soroh-) [x] br nêmpuh ngiwud ora pêrduli apa-apa; di-[x]: ditêmpuh kalawan ora pêrduli apa-apa. II [x]-[x] êngg: nyamuk-nyamuk. III êngg. kn: aluwung.
amul: êngg. kn mèlu (sanadyana ora diajak, dikon).
amun-amun: kn ombak gêtêring hawa cakêt karo lêmah kang kêpanasên.
amung: kw mung.
amur: êngg. kn aluwung; 2 hara ta apa lidok!
amoh: kn 1 suwèk (tmr. jarit lsp); 2 êngg. mêmêl (tmr. panganan).
among: I 1 kw. momong; 2 (-gêni) êngg. tunggu gêni (ingarêp kêrên lsp); kaki (nini) [x]: lêlêmbut kang ngêmong bayi (wong); di-[x]-i êngg: disugoni (tmr.gêni). II [x]-[x] êngg: bancakan (slamêtan tmr. bocah). III êngg: 1 mung; 2 nanging.
among dagang: kn. ak dêdagangan, sudagar.
among hyun: ([x]lulut, [x]raras, [x]raras karasikan, [x] rêsmi) kw sih-sinihan (sanggama).
among karsa: kw nggugu (miturut) karêpe.
among kisma: kw kc. among tani.
among praja: kw 1 ngêrèh nagara; 2 pangrèh nagara.
among slira: ([x] raga) kw ngrêmbug, awake dhewe (sakapenake).
among tani: kn. ak 1 têtanèn; 2 wong tani.
among tuwuh: kw kang ngrêksa urip (Allah).
amor: kn campur karo, têtunggalan (sêsrawungan karo); [x] turu; sanggama; kc. mor, wor.
amot: kn 1 bisa momot (isi); 2 ent. sugih pangapura; kc. mot. momot.
ampad: kn mayat, jlampar; di-[x]: disabêt (dibalang, disawatake) njlampar.
ampadan: êngg. kn godhong têmbako kang ngisor.
ampah: I êngg. kn tanah ngare. II di-[x] kn: dicandhêt, dialang-alangi (tmr. hawa nêpsu lsp).
ampak-ampak: kn pêdhut ing pagunungan; ampak-ampakan: gêgrombolan akèh bangêt (kaya lakuning pêdhut).
ampal: kn bngs. kuwawung rupane klawu.
ampang: kn 1 ènthèng, ora antêp; 2 ora ampêg (tmr. têmbako), cêmplang (tmr. rasa); kc. èmpèng.
ampar: I êngg. kn jobin. II [x]-an kw: 1 dhampar palinggihan; 2 klasa. III ng-[x]-[x] kw: nyambêr (tmr. gêlap, blêdhèg lsp).
ampas: kn turahaning apa-apa sing wis dipêrês (dijupuk pathine, sarine lsp), isi jangan (cao lsp).
ampeyan: 1 (garwa [x]) ki: sêlir; 2 êngg. kn: dhukuh.
ampèk ~ andakara.
ampèk: êngg. pc. nganti.
ampèl: kn ar. pring.
ampêg: kn 1 sêsêg ut. rêkasa (tmr. ambêkan); 2 antêp (tmr. rasaning têmbako, kb. ampang).
(ampêh): di-[x] kw. diampah.

(ampêl): di-[x]-i kn disêsêli (ditèmplèki) urub-urub (tmr. gêni).
ampêr: I êngg. pc. mèh. II uyah [x] ak: uyah tampêr. III di-[x] kn: 1 pc. dibalang, dipathak; 2 diuncalake banjur ditampani wong liya (tmr. bata, bêntêtan têbu lsp).
ampêru: kn. ak rêmpêlu.
(ampêt): di-[x] kn dicandhêt, ditahan aja nganti mêtu (tmr. ambêkan, nguyuh lsp); 2 dicandhêt supaya ora nêpsu.
ampik-ampik: êngg. kn tutup keyong.
(ampil): garwa [x] ki sêlir; di-[x]: 1 kn. digawa (tmr. upacaraning para luhur lsp); 2 ki. disilih, diutang; [x]-an: upacara lsp. gawaning para gêdhe yèn lêlungan.
(amping): di-[x]-[x]-i kn 1 diayomi, dipitulungi (dimêmanuki); 2 diiringake ing kiwa têngêne (nalikane mlaku); [x]-an; aling-alingan, ndhêlik aling-aling ...
(ampir): I di-[x]-i kn ditêkani banjur diajak lunga (digawa lsp) tmr. panggonan kang kêliwatan; di-[x]-ake: dikon mampir; [x]-an: papan kang diampir; kc. mampir, kampir. II [x]-[x] êngg. kn: èmpèr.
(ampyak): I [x]-[x]-an êngg. kn: mlaku dhêdhampyakan. II di-[x](-[x]) kn: kabèh ditêmpuh(disrêngêni lsp).
ampyang: kn ar. panganan (kacang dicampur gula).
amplèk: kn saèm. klambi kotang.
(amplèng): di-[x] êngg kn saèm. disêngkêlit (tmr. kêris lsp).
(amplik): ng-[x] êngg. kn mung tumumpang ing pinggir.
(amplok:) ng-[x] kn nèmplèk ngêthapêl.
amplop: kn dluwang urung (tapih)ing layang.
(ampu): di-[x]-[x] dipêksa, disawiyah-wiyah, diprusa.
ampuh: kn bisa ngêtokake (nganakake) daya kang ngluwihi (tmr. gêgaman, ent. tmr. têtêmbungan, donga lsp).
ampuhan: kn prahara awor pêdhut (udan) ing pagunungan.
ampun: k. pc aja.
(ampung): [x]-an kn. ak ndhêlik aling-aling ing.
(amput): I dudu [x]-[x]-e kn dudu tandhinge (durung mèmpêr babar pisan yèn ditandhing karo ...).II di-[x] êngg: dilakèni.
ampo: kn lêmpung digarang (dipangan).
ampoh: I êngg. pc ampuh. II di-[x] êngg. kn: diampah.
ampok: I êngg. kn èmpèr-èmpèran, payon kang tumèmplèk ing pagêr bata lsp. II [x]-[x] êngg. kn: mung lancingan thok.
amprah-imprih: êngg. kn wira-wiri.
(amprêt): ng-[x] pc cupêt (cêndhak) bangêt (tmr. klambi lsp).
amral: (W) kn senapati lautan.
amrat: 1 kw. amot, momot; 2 êngg. k: abot; kc. amot, awrat.
amrèh:êngg. kn amrih.
amrêta: (S) kw luput ing pati; tirta [x] kw: banyu panguripan.
amrih:: 1 kw ngudi (marsudi) supaya ...; 2 ak. supaya ...; kc. murih, purih.
amrik: kw mambu (wangi) bangêt.
amril: (W) kn dluwang rêmpêlas.

amtênar: (W) kn priyayi (punggawa nêgara).
ana: n. wontên k 1 katon maujud (mawa blêgêr); 2 pancèn nyata madêg; 3 dumunung ing, kapêrnah ing; 4 pc. duwe, kadunungan; 5 pc. manggon, dêdunung ing; 5 pc. dadi ut. padha karo, up. 4 ping 4 ana 16; [x] dene n. wondening k: dene mungguh ing..; dianani, dianakake: diwujudi, dicêpakake; kc. kaanan, kahanan.
anab: êngg. kn ngêngêt sêga.
anak: kn. putra ki turunan kang kapisan (uga tmr. kewan); [x] molah bapa kêpradhah pc: nêmahi sangsara marga saka kalakuaning anake; bapa kasulah [x] kapolah pr: anak kêjibah ing prakaraning bapakne kang wis ajal; di-[x]-i n. dipun sarêmi k: diwènèhi anakan; di-[x]-ake n. dipun sarêmakên k: dilakokake sarana narik anakan (tmr. dhuwit); [x]-an n. sarêman k: dhuwit kang minangka bêbathèning dhuwit kang diutangake; [x]-[x]-an ak: bonekah; kc. manak.
anak-anak: kn. pêputra ki duwe anak.
anak angkat: kn anak pèkpèkan.
anak bojo: n. anak simah k anak lan bojo (brayat).
anak kumpêni: êngg. ak saradhadhu.
anak mas: kn 1 panyêbut marang kaponakan (wong kapêrnah nom lsp) tmr. para luhur; 2 bocah Jawa lsp.kang dipèk anak bangsa Wlanda.
anak pupon: kn anak pèkpèkan wiwit cilik mula.
anak putu: kn turun.
anala: (S) kw gêni.
(anam): di-[x] kn ditata ditrap malang mujur tumpang tindhih (gawe gedhèg, kepang, kranjang, jala lsp).
anaming: êngganangíng.
anana: (S) kw cangkêm.
ananta: (S) kw 1 tanpa wasana; 2 warna-warna.
anantakusuma: (S) kw. ak kêmbang warna-warna (ar. bakal).
anapi: êngg. kw ananging.
anapun: kw mungguh ing.
anarawata: (S) kw. ak tanpa kêndhat, tansah.
anda: (S) kw. ak pêtêng, picak.
(andah): ng-[x]-[x] êngg. kn sumêbar wrata.
andak: pc têmbung susulan mratelakake pamaido.
andaka: (S) kw banthèng; nglancipi singating [x] br: wêwadul marang para gêdhe (wong sing santosa) supaya nêpsu; ngundang singating [x] br: nantang wong kang lagi muring.
andakara: kw srêngenge.
andam ~ andhapan.
andam: kn bngs. pakis.
andana-warih: kw (wijiling [x]) turuning satriya.
andang: êngg. kn 1 enggal, tumuli; 2 barêng, ing nalika; kc. mandang.
andaru: kw daru.
ande, andèkna, andèkne, andene ora: pc têtêmbungan mratelakake mêlèhake.

andèkna, andèkne, andene, andèkpuna: pc sanadyana mêngkono, ewadene ... mêksa ...
andèwi: kn ar. têtuwuhan (janganan).
andêl: (-andêl) kn 1 wong kang pracaya; 2 gêgêdhug, senapati; di-[x]: 1 diakoni yèn pancèn nyata; 2 dipracaya, dipitaya; di-[x](-[x])-ake: dipracaya bangêt, dijagakake bangêt; [x]-an: 1 gampang ngandêle; 2 êngg. tanggungan; kc. kandêl, pangandêl.
andêr: kn kayu cagaking molo tumumpang ing pangêrêt.
andêrpati: kw nekad ora wêdi mati.
andik: I kn. ak sêrêng bangêt (pandênge, matane). II êngg. kn: rada.
andika: kw kowe: ng-[x] ki: kandha, clathu; diandikani ki: dikandhani; andikakake, dikakake ki: dikon.
andu: (S) kw sumur.
(anduk): ng-[x] êngg. kn mambu bangêt.
(andul): di-[x] kn dilinggihake ing dhêngkul banjur dijêngkangake (dolanan bocah); kc. mandul.
andum: êngg. kn merang-merang, mbage; kc. dum, pandum.
andum gawe: n. ([x] damêl k) mbage pagawean (bubuh-bubuhan pagawean).
andum laku: [x] paran n. ([x] lampah, [x] purug k) ak padha pêpisahan nêrusake lakune dhewe-dhewe.
andum slamêt: n. ([x] wilujêng k) padha dene mujèkake slamêt.
andon: (-andon) I êngg. kn banjur bae, tansah, lêstari; di-[x]-ake ak: dilêstarèkake, diajêgage, dianggo padinan. II kw: nindakake, ulah; kc. don.
andon-asmara: ([x] lulut, [x] rêsmi) kw sih-sinihan (sanggama).
andon gawe: kn. ak nyambut gawe mênyang ing.
andon laku: ([x] lêlana, [x] paran) kn. ak lêlungan.
andon nyêrèt: kn. ak nyêrèt.
andon tuwa: êngg 1 kakang (bok-ayu) ipe; 2 mara-tuwa.
andong: kn ar. têtuwuhan.
andrawina: kn pista mangan enak.
andrêpati: kw. ak kc. andêrpati.
(anja): ng-[x]-[x] kn. ak ar. kewan bngs. kêmangga; ng-[x]-[x] ak: 1 mlaku njungkir tangane kang tumapak; 2 sênêng-sênêng.
anjaba: n. anjawi k 1 ngêmungake ... 2 ora ana liya kêjaba mung; 3 kêjaba yèn ...
anjal: (-anjal) êngg. kn tansah lunga (klintong).
(anjali): mêng-[x] kw nyêmbah.
anjana: (S) kw mangsi.
anjan-anjanên: êngg. kn kapok, kanji, jinja.
anjang-anjang: kn pring dianam kaya bêthèk dianggo rambatan wit pare lsp.
anjap: êngg. kn paga.
anjat: êngg. kn dronjongan, pèrèng; di-[x]-i êngg: 1 diunggahi, dipènèk; 2 disrêmpêng, diudi bangêt; kc. manjat.

anjèng: êngg. kn 1 lunga dolan-dolan; 2 lunga njagong ut. nyumbang (wong duwe gawe).
(anjêl): di-[x]-ake êngg. kn diajokake.
anjêr: êngg. kn anjir.
(anjil): I [x]-[x]-ên kn. ak kanji, kapok, II di-[x], dianjèni kn. ak: dilakèni; kc. lanji.
(anjing): I di-[x]-ake kn 1 ditrap sarana dilêbokake ing; 2 dilêbokake, didadèkake warga lsp; 3 dilêbokake ing petungan (cicilan utang lsp); [x]-[x]-an: sambungan sarana dianjingake; kc. manjing, panjing.
anjir: kn 1 pathokan dawa dianggo têtêngêr lsp; 2 êngg. kuli padesan kang pinatah ndandani dalan; di-[x]-i: dipasangi anjir.
anjlêg, anjrêg: êngg. kn dêdunung ing, manggon.
anjlog: kn 1 mêncolot mudhun; 2 mudhun bangêt (tmr. rêrêgan); kc. jlog.
(anjuk): di-[x] êngg. kn dituku pambayare kèri.
anjum tangan: kw salaman; kc. jum.
anjun: I êngg. kn (tukang [x]) tukang gawe grabah. II ut. anjung pc: ajung (jaksa, lsp).
anjur, anjut: êngg banjur, nuli; kc. manjur.
anjog: kn 1 têkan (jêbul) ing ...; 2 ak. mudhun.
anjor: êngg. kn mudhun.
anjrah: kw sumêbar wrata.
anjrak: kn têrus dêdunung (manggon).
anjrit: kw njêrit.
anjrum: kw njêrum.
andha: kn pring (kayu) loro digandhèng didokoki ambal dianggo piranti mêmènèk lsp; [x] jagang ([x] jagang êngg), [x] pangantèn: andha sing nganggo cuwak dadi ora susah disèndhèkake; [x] lanang: andha awujud pring salonjor (kayu) didokoki unton-unton; kc. andhan.
(andhah): di-[x]-i kn. ak dislondhoh, dikalahi; di-[x]-ake: 1 ak. dirèhake (dadi karerehane); 2 dirimbag saka ing linggane (tmr. têmbung); [x]-an: 1 ak. karerehan, sorsoran; 2 têmbung kang wis dirimbag.
andhan-andhan: I kn 1 cagak loro ut. luwih mawa palang jèjèr-jèjèr dianggo pamemean lsp; 2 undhak-undhakan kayu; kc. andha. II ngandhan-andhan kn: ngombak banyu tmr. rambut.
andhang: êngg. kn 1 sasak (ing prau); 2 jagragan, sêtègêr; kc. anjang.
andhap: k êndhèk, cêndhèk; ing-[x] k: ingisor; dipun-[x]-i k: diudhuni; kc. mandhap, kandhap.
andhap-asor: kn trêp ênggone ngajèni awake (ora gumêdhe).
andhapan: k cèlèng.
(andhar) ~ antara.
(andhar): ng-[x]-[x] kn nglantrah (rowa bangêt) tmr. crita lsp; di-[x]-ake: dicritakake (ditêrangake) kalawan jlèntrèh; [x]-an: crita lsp. kang rowa.
(andhe): [x]-[x]-ne, sa-[x]-ne êngg. pc saupama.
andhèg: êngg. kn pintêr (mungguhing bab ...)
andhèk ngêndi: êngg. pc (ana) ingêndi?

andhèkane: êngg saupama.
andhene: êngg saupama.
andhèr: kn padha linggih tarap (jèjèr akèh bangêt).
andhe-sanepa: kw upama, pêpindhan.
andhewe: kn madêg ijèn; kc. dhewe.
andhêg: kn. ak kaananing apa-apa kang ora mlaku (obah); di-[x] ak; ditahan; kc. andhêg, mandhêg, kandhêg.
andhêl: êngg. pc patohan, mênangan.
(andhêm): di-[x]-i kn 1 dilakoni (didhadha) kalawan dhadhag (ora diungkiri); 2 diantêpi.
andhêman: kn lêgokan ing dhadha (lumrahe tmr. kewan).
andhêng-andhêng: kn plênik irêng ing kulit; kc. cuplak.
andhig: êngg. kn andhèg.
(andhih): di-[x] kw diundurake, dikalahake; kc. êndhih.
andhik: êngg. kn rada.
andhil: I kn timbangan candu; kc. ondhal-andhil. II êngg. kn: tanggul (ing pinggir dalan lsp). III (W) kn: 1 dhuwit kang dianggo brandon pawitan dêdagangan lsp; 2 mèlu brandon dêdagangan; [x]-an: brandon dêdagangan lsp.
andhingane: êngg wingi; andhingane wingi êngg: wingènane.
andhuk: (W) kn bngs. kacu dianggo ulap-ulap yèn mêntas adus lsp.
(andhung): di-[x]-i kn. ak diturahake dianggo sêdhiyan; [x]-an: barang kang dianggo sêdhiyan (tandhon, cêpakan); kc. mandhung.
andhok: I êngg. kn manggon (linggih, dêdunung, têkan) ing, mandhêg ing; kc. dhok, mandhok. II kn: ing; [x] (ng)êndi êngg: ingêndi?
(andhong): I [x]-an êngg andhungan; kc. andhung. II di-[x]-i êngg. kn: dibanjêl, diganti (marga lara lsp). III kn: kreta sewan.
ane: pc. arane! (kanggo mbangêtake surasa).
anèh: kn ora lumrah; di-[x]-ake: dianggêp anèh (ora lumrah); ng-[x]-[x]-i: nyimpang saka kalumrahan.
aneka: (-warna) kw warna-warna.
anèm: k. kw anom (nom).
anèmêr: (W) kn tukang borong gawe omah lsp.
anèng: kw ana ing.
ani-ani: kn 1 piranti dianggo mêthêti (ngundhuh) pari; 2 ngundhuh (mêthêti) pari; kc. êni, panèn.
aniaya: kn tindak siya, sawiyah-wiyah; di-[x]: 1 dipilara kanthi siya; 2 dipialani, disiya-siya; kc. kaniaya.
anih kw. ak: lumuh.
anik, anikna: êngg. pc nanging.
anil: êngg. kn singsot.
anila: (S) kw angin.
anindita: (S) kw tanpa cacad, linuwih.
anindyamantri: kw patih.
aning, aningna: êngg.kn nanging.
anis: kw ilang, lunga.

anu: 1 kw. ak. sing, kang; 2 kn. kanggo nêmbungake prakara kang kurang têrang (ut. kang lali jênênge); dèk [x] kae: ing nalika ...; anu apa pc: ana apa; [x]-a kae pc: sanadyana mêngkono.
anubawa: (S) kw. ak 1 ganjaran, sih; 2 kaluhuran.
anugraha: (S) kw. ak ganjaran.
anujwari: kw (anuju ari) ing sawijining dina.
anukara: (S) kw. ak madhani, ngèmpêri.
anukarta: (S) kw 1 miturut, anut; 2 ngarang, gawe, mangun.
anumata: (S) kw. ak palilah, idin.
(anung): ! anak [x] kw anak kang linuwih. II [x]-ake kw. ak: kinasih; kc. anor-raga.
anuswara: (S) kw aksara irung (n, ny, ng, m), sandhangan cêcak.
anut: kw manut, miturut, tut buri; kc. tut.
anot: êngg. kn manut, miturut.
anom: n. anèm k. kw nom.
anon: kw ndêlêng, wêruh; [x] rungu ak: ngrungok-ngrungokake pawarta; kc. ton(ton).
anor-raga: kw andhap asor, ngêsorake awak.
anrang: kw nrajang, nêmpuh, nyêrang; kc. sêrang.
anrus: kw têrus.
anslah: (-pajêg) (W) kn (layang) panarikan pajêg; di-[x]: ditarik pajêg.
anta: I kn 1 ora sêgêr (tmr. rasaning banyu); 2 kêmba (tmr. rasaning panganan lsp). II di-[x]-[x] kn: diarêp-arêp bangêt (ênggone bisa malês lsp).
antah: ng-[x]-[x] kn. ak 1 kêpengin (ngarêp-arêp) bangêt; 2 pêdhot-pêdhot (gunêmane).
antaka: (S) kw pati, mati.
antakusuma: kw kêmbang mawarna-warna (ar. bakal).
antal: (-antalan) êngg.kn alon-alonan, ora kêrêp panabuhe (tmr.gamêlan).
(antan): tanpa (ora) [x]-[x] kn ora sarèh, ora sranta, enggal.
antar: I kn. ak 1 dawa; 2 bantas (tmr.swara); ng-[x]-[x] ak: murub mubyar-mubyar; kc. kantar. II êngg. kn: sarèh, sranta, ora kêsusu; kc. antal.
antara: n. antawis k 1 lêt; 2 sêla-sêla (lowahan) ing barang loro ut. wêktu; 3 pangira, kira-kira, wêtara; [x] mangsa br: lêt sawêtara mangsa; ora [x] suwe: ora lêt suwe banjur; [x] wêngi: lêt sawêngi (dina candhake); ana [x]-ne arêp: nitik glagate kaya arêp ...; antarane: kira-kira ...; diantarani, diantarake.
--- 13 ---
ak: dilonggari lête, disrantèkake wêktune; diantarakake: dikira-kira; kc. pantara.
antarala ~ ancok-ancok.
antarala, antariksa: (S) kw awang-awang, langit.
antarlina: (S) kw. ak ilang.
antawacana: kw lagu kêdaling swara ing siji-sijining wayang.
antawis: k antara.

antèr: kn 1 sarèh, têntrêm; 2 adhèng (ora nangis bae tmr. bocah).
antero: pc kabèh, babar pisan.
antêb: kn 1 abot bangêt; 2 ent. abot (tmr. tatu, ukuman lsp), ampêg (tmr. rasa), akèh (tmr. mangan), gêdhe sêrêng (tmr. swara); [x]-an: 1 (bantal [x]) bantal gêdhe pasrèning paturon; 2 êngg. panèn gêdhe (bakda rêndhêng); kc. kantêb, êntêb.
(antêg): ng-[x]-[x] êngg. kn suwe tanpa lèrèn (tmr. nangis lsp).
antêlu: kw êndhog lsp.
antêm: kn jotos (kêpêlan tangan disongkolake); di-[x]: 1 êngg. disongkol, dijotos; 2 pc. diêntèkake babar pisan, diblithuk (tmr. têtuku); [x]-[x]-an pc: kêrêngan.
antêm krama: pc diêpêng bangêt ênggone ...
antên: k. kw ari (adhi); dipun-[x]-akên êngg. k: disrantèkake.
antênar: pc amtênar.
antêng: kn ora rongèh, ora kakehan polah; [x] kitiran ([x] tlale) pc: rongèh bangêt.
antêp: kn sêtya tuhu, têtêp nggêgêgi panêmu lsp; di-[x]: ditakoni têmên lan orane; di-[x]-i: dikukuhi (panêmune, lsp), dituhoni têmênan (ênggone ngawula lsp); kc. mantêp, kaantêpan.
antêr: I êngg. kn bantêr. II di-[x] êngg. pc: diêtêrake; kc. atêr, êtêr.
anti: I di-[x]-[x] n. dipun antos-antos k diarêp-arêp (diêntèni) bangêt; kc. ênti, kanti, nganti. II (W) kn: mungsuh ..., ora cocog karo.
antiga: kw êndhog.
(antih): di-[x] kn digawe lawe (tmr. kapas).
anting: I êngg. ak bandhuling timbangan; di-[x](-i) êngg: ditimbang nganggo traju; kc. ontang-anting. II [x]-[x] kn: rêrêngganing kuping kang kumanthil ing godhoh.
antu: I êngg. ak ar. mêmêdi (dhêmit). II kw: mati. III di-[x]-[x] kw: dianti-anti.
antuk: 1 kw. olèh, entuk; 2 k. ulih; kc. ngantuk.
(antun): di-[x] kw ditinggal, dikèrèkake; kc. kantun.
antup: kn gêgamaning tawon, kala lsp; [x]-[x]-an: gathukan sambunganing kayu (blabag) nganggo sindik; kc. êntup.
antob: êngg. kn atob.
antol: kn wilahan pring sanggan dlikaning ambèn, lincak lsp; di-[x]-i ak: 1 didokoki (ditrapi) antol; 2 disangga, didokoki pikukuh, dituwak; kc. êntol.
antop: êngg. kn atob.
(antos): dipun-[x]-[x] k dianti-anti.
antrah: kw pratingkah, solah tingkah; kc. entrah.
antrakusuma: kw ar. bakal; kc. anantakusuma.
antre, antri: (W) kn tata-tata (baris).
antru: I kn 1 pring ut. kayu disanggakake dianggo ngêgol (nyongkèl); 2 senggotan. II êngg. kn: gubug panggungan.
antya, atyanta: kw bangêt, kêluwih-luwih.
antya-basa: kw basa ngoko kacampuran têmbung krama (tandha urmat).

anca, ancan: êngg. kn 1 minakake wêktu kanggo ...; 2 trêp karo mangsane (wêktune), tamban; [x]-[x] êngg: alon-alonan; diancan-ancani êngg: dilêgakake ênggone arêp cêcawis lsp.
(ancab): di-[x] kn disêrang kalawan kuwanèn.
ancak: kn pring dianam wangun pasagèn dianggo wadhah sajèn lsp.
ancal: kn kêmbang lumbu, talês lsp.
ancala: kw gunung.
(ancam): di-[x](-[x]) kn bakal dipidana (dipilara lsp) yèn ora nindakake.
(ancang): [x]-[x] kn. ak tata-tata ing sadurunge tumindak; di-[x]-[x]: ditata (dicawis-cawisake) ing sadurunge; di-[x]-[x]-i: ditata jangkahe (sarana mundur) ênggone arêp mlumpat (mêncolot).
(ancar): I di-[x]-i kn. ak ditojoh ing tumbak lsp. II di-[x]-i pc: diancarani.
(ancara): diancarani kn dibagèkake lan dikurmati.
ancas: kn ênêring sêdya, kang diniyati (dituju); di-[x]: 1 kw. disasak (diliwati) têrus; 2 disêdya, dituju.
(ancêl): di-[x]-i ks disanggama.
(ancêng): di-[x]-i êngg. kn dicawis-cawisi, disudhiyani.
ancêp: kn. ak tumancêp ing.
(ancêr): [x]-[x] kn 1 têngêran dianggo nuduhake dalan lsp; 2 apa-apa kang dianggo panuduh; 3 rantaman kang bakal linakonan; di-[x]-[x]-i: diwènèhi ancêr-ancêr sarana ancêr-ancêr.
(ancik): [x]-[x] kn apa-apa kang dianggo sanggan (ing nalikane ngadêg, arêp munggah lsp); 2 sikile ditapakake (dipancadake) ing ...; di-[x](-i)ak: diambah: ng-[x] ak: mèh têkan ing, mèh ngambah ing; kc. êncik.
ancug-ancug, ancog-ancog: kn mlaku (obah) sêmu jumbul-jumbul; diancug, diancuk ks: disanggama.
ancul: (an) kn wêwêdèn manuk ing sawah sarana didudut banjur obah ancug-ancug; [x]-[x]: obah (mlaku) jumbul-jumbul.
ancung: kn ar. dolanan; rêbut [x] pr: rêbut unggul.
ancur: I kw rêmuk. II kn: ar. dirakêtake sarana ancur; ng-[x]-[x]-i aj: ngala-ala ing liyan supaya awake dhewe olêh sih.
ancog-ancogên: pc monga-mangu, gojag-gajêg (ora karuwan kang dikarêpake); kc. ancug.
ancok-ancok: êngg. kn 1 gubug (ing sawah); 2 saèm. ampok, panggampe.[10]
--- 14 ---
ancol-ancolên ~ anggêr.
ancol-ancolên: pc ora ngêrti tata-krama.
anthèk: kn paladèn ut. rewang(ing tukang kayu, nggrobag lsp).
anthil: êngg. kn tanggul ing pinggir dalan.
(anthuk): di-[x]-i kn disasmitani sarana manthuk (atêgês diurmati, disayogyani, disanggêmi); kc. manthuk.
anthok: kn 1 tlakupaning jantung gêdhang lsp; 2 barang (kayu lsp) tipis kang ditèmplèkake ing sambungan dianggo pikukuh; 3 klikaning

kulit lsp. ditrap ing tangan lsp. kang kêsliyo; di-[x]-i: 1 ditrapi anthok; 2 ks. disanggama.
anthon: êngg. kn topèng pêpêthaning wong kang mêdèni.
(anthong): di-[x]-ake êngg diathungake.
anyag-anyag, anyag-onyog, nganyag: kn mlaku têrus tanpa subasita.
anyak: pc tumapak (wiwit).
(anyang): I ênjêt [x] kn ênjêt garing. II di-[x] n. dipun awis k: dikurangi saka ênggone tawa; [x]-[x]-an: padha dene nganyang; kc. nyang. III [x]-[x]-ên kn: lara kêrêp nguyuh.
anyar: n. enggal k 1 kb. lawas; 2 mêntas dadi (ana); [x] iki: kang mêntas kêlakon iki, durung suwe iki; di-[x]-i: dianggo (ditindakake lsp) kang kawitan ing nalikane isih anyar; di-[x]-ake: didandani lsp. supaya anyar manèh; ng-[x]-[x]-i kn: tumindak kang nganèh-anèhi (beda karo padatane).
anyawar: kn ar. têtuwuhan.
anyêb: kn (atine) mangkêl bangêt; ng-[x]-ake (ati): njalari anyêl, mangkêlake.
anyêm: kw nêncêm, ngêclup,
(anyêng): di-[x] êngg. kn ditarik, dicènèng.
anyêp: kn 1 ora panas (angêt); 2 ent. ora rame, tanpa sabawa; 3 ent. tanpa rasa.
(anyêr): ng-[x] kn ngadêg njêjêr (kurang tata-krama).
anyês: kn anyêb bangêt (tmr. banyu lsp).
anyir: kn kêgurihên bangêt nganti krasa tumêk (kaya rasaning blondho).
anylêng, anyling: êngg. kn cumlês, lêgi bangêt.
anylês: êngg. pc anyês.
anyul: êngg. kn singsot.
(anyur): ng-[x] kn ngadêg ing sangarêpe ... (murang tata).
(anyut): di-[x]-ake kw dikèlèkake, dikatutake; ng-[x]-[x] kn. ak: nênarik ati (tmr. swara); kc. kanyut.
anyol-anyolên: pc rada kurang ajar (rada gêndhêng).
anyong: êngg ah gèk mangsa!
angabèhi: kn sêsêbutaning priyayi apangkat têngahan; kc. ngabèhi.
(angah): ng-[x]-[x] kn kumudu-kudu mêmangan lsp.
angap: kn mênganing cangkêm: di-[x]-ake: diêngakake cangkême; kc. mangap.
(angas): kn (wani [x]) katone wani nanging sajatine wêdi; di-[x]-i: digêrtak.
angde: kw agawe, njalari, marakake.
angèl: 1 kw.kêsêl, rêkasa; 2 kn. ora gampang, rêkasa, pakewuh; di-[x]-i ([x]-ake) ak: dipêpalangi nganti njalari rêkasa (angèl); kc. ngèl, kangèlan.
angèn: k angon.
angèr: kw. ak ngêntèni, lèrèn.
angêb: kw. ak ngaub, ngeyub, ngayom.

angên-angên: kn pikiran, gagasan; di-[x]: digagas, tansah dipikir; kc. kangên.
angêne: kw. ak ngênani (saka lingga kêna).
angês: êngg. kn angus, langês.
angêt: kn 1 rada panas (ora adhêm); 2 rada kêladuk (bobote, panimbange); 3 kêpenak ênggone omah-omah (marga ora rusuh, cêdhak tangga têparo lsp); 4 pc. isih anyar (tmr. kabar); kc. êngêt, mangêt-mangêt.
angga: I n. anggi k (sa)sangga (5 gèdhèng). II (S) kw: awak; ang-[x] kw: ngawaki; yoga ang-[x] yogi kw: duwe ambêk kaya guru (tumuwa). III kw. ak: gêlêm; kc. mangga. IV kw: banyu.
angga-angga: êngg. kn kêmangga.
anggada: (S) kw. ak gêlang, kêlat bau.
anggah, anggêh: kw pêrnah, kukuh.
anggak: êngg.kn gumêdhe, umuk, angkuh; kc. agak, êgak.
anggakara: (S) kw kêndêl.
anggal: êngg. kn ènthèng (bobote, momotane).
anggana: I kw ijèn, dhewe. II (S) kw: wong wadon.
anggana raras: kw wong wadon ayu.
anggang-anggang: kn 1 kewan bngs. kêmangga kang saba ing banyu; 2 (ut. dianggang-anggang) dicêkêl lsp. lirih (ora dinêtake).
anggar: I êngg. kn ulah pêdhang tangkis-tangkisan. II ut. [x]-an kn: ilat-ilatan wadhah kêris ut. pêdhang (ditrap ing bangkekan); di-[x]: digawa kaetrap ing anggaran (tmr.kêris, pêdhang). III di-[x] kn: 1 diutang tanpa nganggo tanggungan (cêkêlan); 2 êngg. pc. dituku nanging ora dibayar; di-[x]-i: diutangi; [x]-an: 1 dhuwit sêbrakan (utangan); 2 prajurit [x]-an) ak. prajurit rucah.
anggara-kasih: kn Slasa Kliwon.
anggas: I êngg.kn tali kang dianggo nalèni wêtênge wong manak supaya arumane bisa mêtu. II kw.ak: walang.
angge: k: anggo; ng-[x] k nganggo.
angge-angge: kn orong-orong ing sawah.
anggèn: k anggon
anggèr: kw panyêbut marang kang kapêrnah ênom.
(anggêl): I [x]-[x], [x]-an kn bêndungan cilik, kayu lsp. dianggo nambak ilèn-ilèn; di-[x](-i): dibêndung. II dianggo [x]-[x] êngg: dianggo jaga-jaga.
anggêp: kn duwe rumangsa ut. gagasan yèn (luwih tinimbang lijane lsp); di-[x] 1 dirêngkuh kaya (sêdulur lsp), diarani yèn pancèn wis bênêr (nyata lsp); 2 dikanggokake, diajèni (pasuwitane lsp); kc. kanggêp.
anggêr: I ut. [x]-[x] kn pêpacak (wêwaton) kang kudu diturut; di-[x](-[x])-i: ditrapi anggêr-anggêr, dilarangi.
--- 15 ---
II (ut. [x]-e) kn: 1 sabên-sabên yèn ... III kn: sabên; [x] anu, [x]-[x] êngg: sabên-sabên.
anggês ~ angkil.

anggês: êngg. kn gêgês.
anggi-anggi: kn bumbon crakèn (bumbu jamu).
(anggit): kn (duwe [x]) duwe gagasan (reka); di-[x]: 1 ak. dironce (tmr. kêmbang); 2 diwujudake ana ing gagasan, direka-reka; 3 êngg. digagas; 4 dikarang (tmr. layang lsp); 5 ak. dicathêt ana ing gagasan (tmr. piwulang, sasmita lsp); [x]-an: 1 ak. roncèn; 2 karangan rumpakan; 3 gathèkan, ngêrtèn, sugih reka.
anggya: br angge.
(angglang): ng-[x] pc katon mêncongol (katon cêtha bangêt).
angglong: kn 1 suda bangêt isine; 2 pc. gêla bangêt.
angguk: I kn unining pêrkutut; kc. manggung. II kw: tansah, pijêr.
anggur: I êngg. kn angur, aluwung. II kn: 1 ar. wit sarta wohe; 2 ar. minuman kang digawe woh anggur. III [x]-[x] êngg. kn: tinimbang nganggur (ala nganggur); ng-[x]: 1 ora nyambut gawe; 2 ora ana kang nganggo (tmr. kreta sewan lsp); [x]-an: 1 êngg. mung duwe omah lan pomahan (tmr. wong ing padesan); 2 êngg. ora dikênakake aradan nyambut gawe padesan, mung kawajiban nyambut gawe ing prabot desa; 3 êngg. ar. pajêg ing padesan; 4 ora nyambut gawe.
(anggo): di-[x] n. dipun angge k. diagêm ki 1 dipigunakake (minangka srana ...); 2 ditrapake ing sawah (tmr. klambi lsp); 3 dislingkuhake (tmr. dhuwit); kc. anggon, kanggo, nganggo, panganggo.
anggon: I n. anggèn K 1 sêdhiyan dianggo dhewe; 2 ak. bisa awèt (dudu pasaran, tmr. barang dandanan); 3 kn. wis ora mari-mari(tmr.lêlara); wis anggone êngg: lumrah, wis jamake; [x]-[x] n. anggèn-anggèn k. pangagêman ki: 1 sandhangan saprabote; 2 ak. prabot, uba-rampe; kc. anggo, kanggonan. II n. anggèn k. kw: panggonan; kc. manggon, anggon.
anggong: pc 1 ngangsur-angsur napase marga kabotan gawan; 2 êngg. ngaso, lèrèn sêdhela.
(anggop): tan (ora) [x] kw tanpa lèrèn.
anggota: kn gêgêlitaning badan (tangan, sikil lsp).
anggrah-anggrah: kn 1 rêrèncèkan lsp. dianggo mêpêti dalan lsp; 2 pc. barang-barang kang rowa tanpa aji.
(anggrak): di-[x] kn diêndhêg sarta digêrtak diagag-agagi gêgaman (arêp dibegal lsp).
(anggrang): di-[x]-ake kn disèndhèkake ngadêg (tmr.andha lsp).
(anggras): di-[x] kn digêrtak diwêwêdèni.
anggrèk: kn ar. têtuwuhan kang nemplok ing wit liya(sok dianggo tamanan).
anggrêg-anggrêg: kn ora gampang mlêbune ing bolongan lsp.
anggrêm: êngg. kn angrêm.
anggrêng: kn. ak nggêrêng.
anggris: êngg. kn ringgit (dhuwit).
anggrit: kn. ak nggêrit, nggarit.
anggrong: kn. ak nggêrong.
angi: kn ngadhêmake sêga kang mêntas diadang (diliwêt) sarana dilèr lan ditepasi (ing iyan).

angik: êngg. kn ngilês wulèn pari (dijupuk gabahe dianggo wiji).
angin: kn lakuning hawa; olèh [x]: 1 bisa katampêk ing angin (tmr.layangan, prau); 2 (ut. olèh [x] bêcik) ent. olèh ungup-ungup bakal tampa kabêgjan lsp; [x]-[x]: 1 ngisis golèk hawa kang kêpenak; 2 br. ngrungok-ngrungokake pawarta; di-[x]-[x]-ake êngg: diisis supaya kêna angin; [x]-ên: kêmbung (tmr. wêtêng); kc. kanginan.
anginan: kn 1 êngg. darbèke wong akèh (tmr.sawah); 2 ak. punggawa pulisi (tanpa palungguh).
angin dharat: kn angin kang pinangkane saka ing dharatan.
angin laut: kn angin kang pinangkane saka sagara.
anging: kw ananging.
angka: I kn 1 tulisan gambaring cacah; 2 nomêr; [x] urut: nomêr kang urut-urutan; [x]-ning taun: cacah kang mratelakake petunganing taun; diangkani: dicirèni ing angka. II êngg. kn: niyat, kang dituju (dikarêpake); di-[x]-[x] êngg: tansah diniyati, dirêrantam.
angkah: k arah.
(angkal): di-[x] êngg. kn dialang-alangi; [x]-an êngg: alangan.
angkara: kw murka, kumudu ndhèwèki.
angkara-kara: kw murub.
(angkas): di-[x]-[x] kn. ak 1 dipindêng, dipêlêng; 2 digadhang-gadhang.
(angkat): I [x] junjung kn pagawean kasar (pagaweaning kuli); di-[x]: 1 dijunjung, disongkèl; 2 ditarik munggah (tmr.pancing, jangkar lsp); 3 êngg. diusung (digawa) lunga, diêmot ing; 4 diunggahake pangkate, didadèkake priyayi lsp; 5 (ut. di-[x]-i) ak. diayati, diwiwiti. II kn.ak: ênggone wiwit lunga (budhal); di-[x]-ake: dikon (digawa) mangkat; kc. mangkat.
angkatan dharat: kn prajurit dharatan.
angkatan laut: ([x] kapal) kn kapal-kapal pêrang.
angkêb-angkêb: kn 1 (ut.angkêb-angkêban) tutup (lawangan) ing cêndhela lsp, kang dijêplakake munggah; 2 tutupaning bolongan ububan, pompa lsp; 3 iga kang wêkasan.
angkêl-angkêl: pc linggih aras-arasên ngadêg (èngkèl-èngkèlên); anglêl-angkêlên êngg: mangkêl.
angkên: I kw 1 sabên; 2 kala. II dipun-[x] êngg. k: diaku.
angkêr: kn ora kêna diambah (digêpok) ing sabên wong marga ana lêlêmbute (tmr.wit.panggonan); 2 ak. gampang nêpsune; di-[x]-i ak: dilarangi ngambah (mlêbu lsp).
angkil: (W) kn 1 dhuwit minangka patukone [patu...]
--- 16 ---
[...kone] wong mlêbu kontrak ut. mlêbu saradhadhu; 2 mlêbu kontrak dadi kuli (saradhadhu).
angkin ~ angrêm.
angkin: êngg. kn sêbitan lawon lsp. dianggo sabuk ngiras dianggo mbundhêli dhuwit lsp.
angklah: êngg.kn 1 krasa lara (lungkrah); 2 karibêdan; kc. anglah.
angkle: êngg.kn kêsêl, sayah.

angklèk: êngg.kn èngklèk; di-[x] êngg: dianggar (tmr.kêris lsp).
(angklik): di-[x]-[x]-ake pc disèlèh ing papan kang dhuwur kang gampang tibane; kc. mangklik-mangklik.
angkling: êngg. kn 1 bngs. dhokar sewan; 2 saèm.èngklèk.
angklung: kn ar. têtabuhan kang digawe bumbung dirèntèng.
(angkud): di-[x] kn diusung digawa lunga.
angkuh: I kn gumêdhe (ora sumanak). II di-[x] êngg.kn: dirêngkuh kaya.
angkul-angkul: kn 1 sindik kancinganing senggotan, tanganan traju lsp; 2 peranganing pasangan kang dikalungake ing gulu sapi.
angkup: kn tapihing woh ut. kêmbang (nalikane isih kuncup).
angkur: kn tembok awangun kaya tugu miring kanggo cuwak pikukuhing pagêr bata lsp.
angkus: 1 kw. (ut.angkusa) cis; 2 êngg.ganthol.
angkrèk: kn 1 êngg. anggrèk; 2 êngg. angkrok.
angkrêg-angkrêg: pc anggrêg-anggrêg.
angkrêkan, angkrokan: kn ingsêran(ing wong mènèk lsp).
angkrik: I êngg. kn gaerut. II [x]-[x] pc: linggih ana ing papan kang dhuwur.
angkring: kn pikulan dalah saprabote (kothakan wadhah pangangan lsp) dianggo idêr-idêr bakmi, saoto, wedang lsp.
angkruk: I êngg.kn: cakruk, patrolan. II [x]-[x] pc: linggih ana ing papan kang dhuwur; kc. angkrik, mangkruk-mangkruk.
angkrok: I kn: kêrdhus lsp. dientha wong-wongan diwènèhi dudutan (dolanan bocah). II ng-[x] kn: ngêkêp karo mêthakol kaya patrape wong mêmènèk.
(angkrong): di-[x]-[x]-ake pc: disèlèhake ana ing papan kang dhuwur; kc. mangkrong.
anglah, anglêh: êngg. kn: 1 krasa lara (lungkrah); 2 êngg. k. lara.
anglèng: I kw ngêlèng, gawe lèng, kaya lèng. II êngg.ak: cêtha, gênah (pangrungune, pangêrtine); di-[x]-ake: ditilingake têmênan.
anglèr: kn 1 nggaru kang wêkasan ngarêpake dadi lalahan; 2 br. ngêlèr; kc. lèr.
anglès: kw lunga, minggat.
anglêk: I kn lêgi bangêt. II kw: sêdhih bangêt.
anglêng: I êngg aluwung, angur. II êngg.kn: ngênglêng; judhêg dening kedanan lsp.
anglêp: kw endah bangêt.
anglêr: kn kêpenak bangêt tanpa oyag (tmr. nênunggang, swara lsp).
anglês: kw sanalika susah, rasaning awak lêslêsan dening trênyuh, kakênan lsp.
anglih: I kw ngalih. II kw: ngêlih.
angling: kw clathu, gunêman, kandha; kc. ling.
anglir: kw ngèmpêri, mèmpêr, kaya; kc. lir.
anglud: kw 1 nututi, ngoyak, nurut; 2 mèlu.
angluh: êngg. kn 1 lungkrah, nglumpruk; 2 ngêsah, sêsambat.

anglung: kw 1 kaya êlung; 2 tumêlung, tumiyung; di-[x]-ake: didhungklukake mêngarêp; kc: manglung.
anglur: (-sêlur) kn.ak elur urut-urutan (wong mlaku lsp).
anglus: kw ngêlus; kc.alus
anglo: kn bngs. kêrên mawa complongan mung kanggo gêni arêng.
angloh: êngg. pc angluh.
anglong: I (jiwa) kw saya kuru badane (dening sêdhih lsp). II di-[x]-[x]-ake pc: dianguk-angukake ing cêndhela lsp; kc. manglong.
angub: êngg.ak ngaub, ngeyub.
angudubilahi: (setan) pc 1 sabawa mratelakakake kagèt, gumun, muring lsp; 2 bangêt.
anguk: I pc angur, aluwung. II [x]-[x] kn: ndêlêng ungak-ungak saka ing cêndhela lsp; di-[x]-[x]-i: diungak, diadhang arêp wêruh apa wis têka apa durung.
angum: kw adus kungkum; kc. kum.
angun-angun: kw 1 galak; 2 banthèng.
angur: kn luwih prayoga (bêcik) yèn ...
angus: kn kênthêlaning kukusing diyan lsp.
angut: kw mêthik, ngundhuh.
angob: kw mangap ngêtokake napas (marga ngantuk bangêt).
angok: kn kurang (suda) jêrone ut. isine (tmr.banyu, banjir).
angon: n. angèn k 1 ngumbar lan ngulatake raja-kaya lsp. ana ing ara-ara, pasukêtan lsp; 2 ent. ngulatake, ngawat-awati, nangguh; [x] angin ([x] mangsa): golèk (nganggo nangguh) wêktu kang prayoga; [x] iriban ([x] ulat): nganggo nyawang marang kaanane (kang arêp ditêmbungi lsp); [x] kosok: nangguh mangsa kang bêcik; [x] repa ak: nggathuk-nggathukake surasane (ing nalikane maca); [x] swara ak: nilingake marang lagu sarta larasing swara; kc. pangon, pangonan.
angop: kn. ak angob.
angot: kn 1 kumat, lara manèh; 2 ent. bali nglakoni ala manèh.
angrap: kw mlayu bantêr (tmr.jaran lsp); kc. kêrap.
angrèb: kw katon akèh bangêt.
angrèh: kw ngêrèh.
angrêm: kn 2 ndhêkêmi êndhoge supaya nêtês (tmr.pitik lsp); 2 ak. ndhêlik (ora mêtu-mêtu) ênggone ndhadhari wis wêngi
--- 17 ---
(tmr. rêmbulan), mlêbu lan mandhêg ana ing jêron daging (tmr. mimis); kc. êngrêm, pangrêman.
angrês ~ apit
angrês: kw ngêrês (rasaning ati).
angrik: kw ngêrik (nggêro. mbêngingèh).
angrug, angrog: kw barung, bêbarêngan (tmr.swara lsp).
angrob: kw banjir, rob.
angrod: êngg. kn kêsusahan, kêcingkrangan, trênyuh.
angrok: kw nyêrang, nêmpuh.
angrong pasanakan: pc ndhêmêni bojoning sêdulur (kanca, têpungan).

angsa: I ng-[x](-[x]) kn murka kumudu olèh. II (S) kw: -banyak. III (S) kw: 1 turun, wangsa; 2 panduman, perangan.
angsab: I êngg. kn sumbut, ora tuna. II di-[x] pc: diasab.
angsag: ut. ng-[x] êngg, kn ngasag; kc. asag.
(angsah): di-[x]-ake kw diajokake pêrang: kc. mangsah.
angsal: I k olèh. II êngg.kn: asal.
angsang: kn 1 piranti ambêkan (tmr. iwak loh); 2 piranti dianggo nggarang kang digawe kawat lsp ditumpangake ing anglo; 3 slorogan (ut.blabag) ing lêmari, wadhah kinang lsp; 4 sikilan sanggan bokor lsp, lambaran teko lsp; kc. langsang.
angsar: ut. ngangsar kn dayaning barang kang njalari bêgja: di-[x]-i: didayani; kc. asar.
(angsêg): di-[x] kn. ak: 1 didhêsêg maju; 2 disêsêgake (tmr. rêrêmbugan); kc. mangsêg.
angslah: (S) kn panarikan pajêg.
angslêp: êngg. pc sumusup, mlêbu.
angsli: pc asli.
angslup: kn mlêbu (manjing ing bolongan lsp, manjing ing (badan tmr. lêlêmbut, ing cakrawala tmr. rêmbulan, srêngenge); di-[x]-ake: dilêbokake ing (bolongan).
(angsu): ng-[x] kn 1 golèk banyu; 2 ent. golèk kawruh, mêguru; di-[x] ak. diangsoni: 1 dijupuk (digolèki) banyune; 2 ent. diguroni, dicêcêp kawruhe.
(angsuk): [x]-ane, [x]-e êngg jodhone, cocoge karo; kc. mangsuk.
angsul: I êngg. k. pc ulih, bali. II di-[x]-[x]-i êngg.kn: diwangsuli.
angsung: kw wèwèh, awèh: [x] dhahar êngg: sêsaji (ngobong mênyan lsp) marang pasarean, papan pasujarahan lsp.
angsup: kw angslup.
(angsur): ! di-[x]-i kn. ak diwènèhi utangan (êmpingan).II ng-[x]-[x] kn: rêkasa bangêt ênggone ambêkan (marga mêntas mlayu lsp).
angsog: êngg. kn diunggahake ing dharatan (tmr. prau cilik).
angsoka: kw ar. kêmbang (wit).
angsring: pc asring.
aub: kn. ak eyub; ng-[x] ak: ngeyub; di-[x]-i br: 1 dieyubi; 2 diayomi.
aul: kn. ak wis kulina nindakake; kc. ahlul.
auman: êngg.kn sawah darbèke wong akèh.
aut: êngg. k ciyut.
aoliya: (A) kn wali (wong suci).
aor: kn krasa kaya pait ing cangkêm (marga kakehan udud lsp).
aos: I kn 1 mêntês, akèh isine (tmr.pari, kacang lsp); 2 ent. akèh surasane, ngêmu surasa kang mêntês. II k: aji.
apa: n. punapa k 1 pitakon nakokake arane barang lsp, up [x] kowe wis ngêrti?; 3 kanggo nyilahake prakara loro kang mèh padha atêgês utawa: [x] bae pc: sakabèhe, kabèh bae; [x] dene: 1 luwih-luwih ...; 2 lan uga ...; [x] gene br: kêpriye, sabab apa; [x] iya: andak iya; [x] manèh: 1 luwih-luwih ...; 2 lan uga; [x]-ne: peranganing kang êndi; [x]-[x]: 1 barang-barang apa bae; 2 kabèh, sakabèhe; ora [x]-[x]: 1 ora ana

cacade tatune lsp), ora owah babar pisan; 2 ora salah (-luput lsp); diapakake; ditindakake kêpriye.
apah: (S) kw. ak banyu.
apak, apang: êngg: arêp ..., bakal ...
apal: kn bisa ngêrti (ut.ngucapake) apa-apa sing wis diwaca (disinau); di-[x]-ake: 1 disinau (digêgulang) nganti bisa apal; 2 êngg. diucapake ora nganggo ndêlêng buku lsp; [x]-an: 1 apa-apa kang diapalake (têmbung, wacan, lsp); 2 donga lsp. cêkak kang diapalake.
apan: I kw 1 awit: 2 jêr. II ut. ape êngg: arêp ..., bakal ...
apan-apan: kn kayu bantalan ani-ani, kayu palang garu.
apdhèling: (W) kn perangan (wêwêngkon).
ape: êngg arêp ..., bakal ...
apèk, apèt: êngg. ak golèk.
apèk-apèk, apèn-apèn: êngg api-api (ethok-ethok).
apèl: (W) kn 1 ngulur prakara marang pangadilan kang luwih dhuwur; 2 nglumpukake prajurit (sarana têngara tambur lsp).
(apèn): di-[x]-[x]-i kn. ak dilagani, direwangi; kc. api.
apêk: kn mambu saèm. pênguk (kringêt, klambu rêgêd lsp).
apêl: (W) kn ar. woh.
apêm: kn saèm. srabi lêgi (dianggo slamêtan).
apês: kn 1 ringkih, sèkèng (ora kuwat nanggulang); 2 ak. nandhang (kêna) kacilakan; 3 njalari cilaka (tmr. dina lsp); ([x]-)[x]-e: sêthithik-sêthithike; [x]-an: gampang nêmahi apês.
api: I kw gêni; [x]-[x] êngg: gêgêni cêdhak bêdhiyan lsp. II [x]-[x] kn: ethok-ethok, samudana kaya ...
apik: kn 1 bêcik lan alus (tmr.gêgarapan, dandanan lsp); 2 êngg. kikrik, ora gampangan.
apil: k. ak apal.
apirowang: kn.ak ethok-ethok mitulungi.
apit: kn I (sasi [x]) sasi Dulkangidah; 2 (mangsa [x]) ak. mangsa Dhêsta karo Sadha; [x]-[x] lawang ak: kayu ing pinggiraning
--- 18 ---
lawang kang gandhèng karo gêbyog; di-[x]: 1 (ut. di-[x]-[x]) diampingi kiwa têngên; 2 ditandhingi tikêl loro (tmr. totohan).
apitambuh ~ arêng.
apitambuh: kn.ak ethok-ethok ora ngêreti (-wêruh).
apituwin: kw lan uga, tur.
apyu: kw. ak gêni
apyun: kn candu kang durung dimangsak.
(apkir): di-[x] (W) kn ora dikanggokake, ora kanggo.
aplala: kw linuwih.
apu: k ênjêt.
apuh: kn wis êntèk banyune (tmr. barang kang dipêrês); kc. puh.
apuy: kw. ak gêni.
apuntên: k 1 apura; 2 êngg. êmbuh.
(apura): di-[x] n. dipun apuntên k dilunasake kaluputane (ora diukum, ora dipidana).

apuran: pc kalènan pambuangan bangu; 2 dhuwit dianggo nyewa kalènan.
apus: I kn pêpês ora bisa mundhak gêdhe (tmr. sikil, tangan). II 1 kw. tali, 2 praboting abah-abah jaran ([x] buntut, [x] gulu lsp); di-[x] kw: 1 ditalèni, diikêt; 2 dikarang, dirumpaka. III kn: goroh kang mitunani ing liyan; di-[x]-i: digorohi, diblithuk, [x]-[x]-an: gêgorohan, panggorohan.
apus krama: pc apus sarana alus.
apuwa, apruwa: êngg 1 coba; 2 mara, ayo.
apokat: kn kc. adpokat.
apor: êngg. kn krasa tanpa kakuwatan tmr. sikil (marga kêsêl).
apotik: (W) pc toko jamu (wêton Eropah).
April: kn ar. sasi Wêlanda kang kapat.
apsah: pc absah.
apsara: (S) kw dewa.
apsari, apsêkar, apsantun, apsinom: kw widadari.
apti: (S) kw arêp; ing [x] kw: ingarêp; kc. kapti.
ara-ara: kn palêmahan jêmbar ora tinanduran.
arad: êngg.kn jaring; di-[x] ak: 1 digèrèt; 2 digawa ing lêlêmbut (dhêmit); 3 dipêksa dikon nyambut-gawe; [x]-an ak: 1 wong kang diarad ing lêlêmbut; 2 wong kang dipêksa nyambut gawe; 3 pagawean pêksan.
(arag): di-[x]-[x]-i kn 1 dipilah-pilah kang agal karo kang lêmbut (tmr.wêdhi, krikil lsp); 2 dirêsiki sabakdane digaru (tmr.sawah, sarana diilangi sukête lsp).
arah: n. angkah k 1 ak. niyat, jangka (kang bakal linakonan); 2 maksud, tujuan (kang dijangka); [x]-[x] êngg; ênêr; di-[x](-[x]) n. dipun angkah(-angkah) k: 1 dipêndêng, disêdya; 2 dimelik, dijangka supaya bisa olèh (kêcandhak, kêlakon); kc. êrah.
arahan: kn (bau [x], prajurit [x]) bau (prajurit) rucah.
arak: I ut. arèk êngg arêp ..., bakal ... II pc: rak, up. [x] nyata ta! III kn: ar. minuman kêras. IV. di-[x] kn: diêtêrake ing wong akèh bêbarêngan; [x]-[x]-an: gêgolonganing wong kang bêbarêngan ngêtêrake (pangantèn, jênggi lsp): kc. pangarak.
aral: (A) kn alangan, têngadur.
aram: kn kayu talêsaning bêndungan.
aran: n. nama k. asma kl 1 jênêng; 2 (têmbung [x]) têmbung kang mratelakake barang kang maujud utawa kang dianggêp maujud; dadi aran-aran ak:dirèmèhake wong akèh; di-[x]-i n. dipun wastani k: 1 disêbut arane, dijênêngi; 2 ditêrka, dianggêp dadi ..., dikira; ng-[x]-[x]-i: nganggo nyêbutake kang ora ana (tmr.njêjaluk lsp); kc. karan.
arang: n. awis k 1 ora rêngkêd, ora kêrêp; 2 langka; di-[x]-i(-ake): ditata (diênam lsp) arang.
ara-uru: kn. ak gegeran.
aras: I di-[x] 1 kw. digêpok, digrayang; 2 ki. diambung. II [x]-[x]-ên kn: 1 ora duwe kêrkat tumandang; 2 krasa kaya kêsêl (sayah bangêt). III (A) kn.ak: palinggihan, dhampar.

aras-kêmbang: kn.ak gampang dikasihi ing bêndara.
arbèi: kn ar. têtuwuhan (kêmbang sarta wohe).
Arbo: kn. ak Rêbo.
arda: (S) kw 1 pangangsa-angsa, ngangsa, murka, hawa-nêpsu; 2 bangêt, kêluwih-luwih.
ardaya: (S) kw ati (dumunung pangrasa).
ardana: kw dhuwit.
ardacandra: (S) kw rêmbulan tumanggal. ar. gêgaman.
ardawalepa: (S) kw kurang ajar (ditakoni malês takon).
ardawalika: kn ar. upacara awujud pêpêthan naga.
ardi: kw gunung.
arditi: kw. ak gunung, cs 12.
arja: kw 1 rêja; 2 slamêt.
arjaya: kw kc. arja.
arjana: (S) kw. ak jangka, ngudi.
arjasa: kw rêjasa.
arju: kw 1 sarju, mupakat; 2 kc. arja.
arjuni: (S) kw. ak sapi.
arjwa: (S) kw utama, wêkêl.
are: I ut. arene êngg jare, jarene. II kw. ak: lèrèn, ngaso.
arean: êngg. pc dinan (bayaran dinan tmr. kuli lsp).
arèh: kn godhogan santên kanil.
arèk: I kn ar. wit bngs. palêm lêgène digawe gula. II êngg.kn. ajang.
arèn-arèn: êngg. pc dinan (bayaran dinan tmr.kuli lsp).
arès: I êngg. kn gaganging tundhunan gêdhang, bonggol gêdhang.. II [x]-[x]-ên êngg.kn: lara kuku. III (W) kn: umukan; kc. rès. IV tan arèsa kw: nggêgirisi, bangêt.
(arèk): di-[x] kw. ak diambung.
(arêm): di-[x]-[x]-i kn dilipur supaya nrima sarana disaguhi arêp diwêwènèhi lsp: kc. marêm, pangarêm-arêm.
arêng: kn kayu diobong banjur disumpêt [disum...]
--- 19 ---
[...pêt] dadi rupane irêng dianggo gêgênèn ing anglo lsp.
arêng watu ~ asa.
arêng watu: n. ([x] sela k) arêng kang asal saka kayu kang kapêndhêm ing sajroning lêmah.
arêp: n 1 (ajêng k. kêrsa ki) gêlêm (ngêpèk, tuku lsp); 2 (badhe k.) nêdya ut. bakal (nindakake lsp); 3 (ing-[x] ingajêng k. ingarsa ki) sisih kang kapêrnah ing adhêping barang (wong lsp) kb. ing buri; di-[x]-[x] n. dipun ajêng-ajêng k: diêntèni (kalawan pamuji) supaya olèh ut. kêlakon; di-[x]-i n.dipun ajêngi k. dikêrsani ki: 1 ditampa kalawan sênêng yèn diwènèhake (tmr.dodolan lsp), dimelik arêp diêpèk; 2 ak. ditampa ut. dikabulake tmr. usul, panjaluk lsp; di-[x]-ake n. dipun ajêngakên k: 1 (dikêrsakake ki) dipengini, dimelik, arêp diêpèk: 2 diênêrake marêp; [x]-an n. ajêngan k: 1 melikan, apa-apa arêp, ora tampikan; 2 êngg. bakal; 3 (ing [x]-an) ing papan kang kapêrnah

ngarêp; [x]-[x]-an n. ajêng-ajêngan k: adhêp-adhêpan; kc. marêp, ngarêp, pangarêp(-arêp).
arêp: ora n. ajêng botên k.pc 1 arêp apa êmoh; 2 gêlêm ora gêlêm kudu.
arês: kw giris, wêdi, miris, susah.
arga: kw gunung.
(argya): di-[x] kw diurmati, diaji-aji.
ari: I êngg. kn yèn, manawa. II kw: adhi; [x]-[x] kn: êmbing-êmbing. III kw: 1 srêngenge; 2 dina; [x]-an êngg. pc: dinan. IV kw: mungsuh. V kw:.ak: lèrèn, mandhêg; kc. mari, kari.
ariaya, ariyaya: êngg. ak riyaya..
aribawana: kw kayangan, kadewan.
arih: I kn.ak arèh (santên kanil digodhog). II di-[x]-[x] (di-[x]-i) kn: dipêpiringi (diarah-arah) sarana alus supaya gêlêm nurut lsp; kc. pangarih.
ariya: kn sêsêbutan para luhur; kc. arya.
(arik): ng-[x]-[x] kn. ak kandha-kandha mrana-mrana; kc. orak-arik.
arima, arimong: kw macan.
arina: kw kidang.
aring: I kn sarèh ut. rada bungah (mari nêpsu, mari nangis lsp); ng-[x]-[x] ak: dolan-dolan mbêbungah ati, ngenggar-enggar ati; di-[x]-[x]-i: dilipur (diênêng-ênêngi) supaya aring (tmr.bocah nangis). II êngg: marang, mênyang ing.
aring-aring: kn ar. wit.
arip: kn krasa ngantuk bangêt (marga mêntas mêlèk bêngi lsp).
aris: I kw 1 laras, tanpa sulaya; 2 sarèh, alon, manis (tmr.gunêman). II êngg.kn: 1 watês; 2 glondhong (lurah desa kêpala); 3 (mantri [x]) ak. panèwu, asistèn-wêdana; [x]-an êngg: sambatan (gawe olah lsp), sumbangan: kc. ris.
arit: kn ar. piranti dianggo mbêbacok (nênêgor, golèk sukêt lsp); di-[x]: dibacok nganggo arit, dibabadi nganggo arit; ng-[x]: golèk sukêt (nganggo arit canthuk).
ariwara: kn. ak ariwarti.
ariwarti: kn layang kabar.
arya: kn 1 sêsêbutaning para luhur; 2 sêbutan pakurmatan marang bupati manca-nêgara.
aryan: kw arèn.
aryana: kw budi, pikiran.
aryang: kn ar. dina paringkêlan kang kanêm.
arka: (S) kw kêrkat.
arloji: (W) kn ak: jam (kandhutan).
arnal: (W) kn bngs. susuk kondhe.
arnawa: (S) kw sêgara.
arubiru: kn.ak rêrusuh, pangganggu-gawe; di-[x] ak: dirusuhi, diganggu-gawe.
arug: êngg.kn mbludhuk (tmr.lêmah); di-[x]: 1 kw. ditatoni; 2 êngg. dibludhukake (tmr.lêmah kang padha kêmpêl).

aruh: ora sapa [x] pc ora gêlêm nggape (ngajak gunêman); [x]-[x] kn: 1 ngajak gunêman; 2 nyruwe, maoni, ngelikake; di-[x]-[x]-i: 1 diajak gunêman; 2 disruwe, diwaoni, dielikake.
arum: 1 kn. wangi; 2 kw. alon lan manis (tmr.gunêman, swara lsp); [x]-[x] kw: wêwangi (jênêng).
aruman: êngg. kl ari-ari.
aruna: (S) kw srêngenge.
arungan: kn ([x] gawe) bêbarêngan akèh pagawean, lagi ewuh.
arus: ! kn 1 ambu kaya dene ambuning gêtih; 2 êngg. hawa ing sêgara; 3 êngg. ombak ing sêgara; 4 êngg. pinggiring pêsisir. II êngg. kn: layak, patut (ditindakake); ng-[x]-i êngg: migunani.
arutala: kw.ak rêmbulan.
aroh-aroh: êngg. pc aruh-aruh.
aron: I kn: 1 ak. magêl (tmr.sêga); 2 êngg. jagung godhogan. II [x]-an êngg kn: wiwit mari (tmr. lêlara).
arpuwis: (W) kn bngs. cèt (tmr.kayu).
arsa: kw arêp; ing -[x] ki: ingarêp; di[x]-[x] k: diarêp-arêp.
arsaya, arsana: kw. bungah, sênêng.
arsi: I kw rêsi. II di-[x]-[x] br: diarêp-arêp; kc. arsa.
arsitèg: (W) kn ahli yasa omah, krêtêg lsp.
arta: k dhuwit.
artaka: 1 kw. dhuwit; 2 kang nyimpên dhuwit (pènêngmistêr).
artati: kw 1 gula, lêgi; 2 têmbang dhandhang-gula.
artawan: kw (wong) sugih.
arti: a. artos k. ak 1 têgês, makna; 2 pangêrti, pikiran: kc. ngêrti.
artikêl: (W) kn 1 bab ing undhang-undhang (anggêr-anggêr lsp); 2 jêjêr ing karangan (ing koran lsp).
artos: k arti.
arca: kw rêca.
arcamana: kw raup (rêrêsik) ngarêpake sêmadi.
(arcana): mang-[x] kw ngurmati, nyêmbah.
arcapada: kw donya, jagad; kc. marcapada.
arwah: (A) kn.ak sukma(-sukma), roh; kc. ruwah.
as: (W) pc indhên.
asa: (S) kw 1 têkan ing puncak (notog, kêluwih-luwih); 2 susah, sêdhih.
--- 20 ---
asab ~ astu.
asab: I kn.ak 1 sumbut, angsab; 2 ora isinan, saèn. II di-[x] kn: digosok nganggo barang kang kasap.
(asag): di-[x] kn digolèki turahane (tmr.pari kang mêntas diênèni).
(asah): I [x]-[x] kn ngumbah piring, cangkir lsp; di-[x]-i: dikumbah (tmr.piring lsp). II di-[x] kn: digosok amrih landhêp (tmr. lading lsp, ent. tmr. pikiran).
asal: (A) kn 1 mula-buka, kang dadi kawitan: 2 ent. isih darah; 3 (ut. angsal) êngg. anggêre, waton (yèn).
asal-usul: kn turunan (katêranganing turun).

asalsilah: (A) kn. ak salasilah.
asana: (S) kw 1. palungguhan, dhampar: 2 ênggon, panggonan; 3 gêdhong (omah) dianggo ...
asar: (A) kn 1 sêmbahyang sore; 2 wayah sêmbahyang sore (jam 3 - 5); [x]-dhuwur: wayah sore jam 3; [x] êndhèk: wayah sore jam 4 - 5; kc. angsar.
asari, asantun: tan [x] kw ora sarèh, enggal, nuli.
asas: kn 1 dhasar, têtalês; 2 tujuan (rantaman); 3 pokok lajêring rêmbug (prakara).
asat: kn êntèk banyune (tmr. sumur lsp); kc. sat, kasatan.
ase: kn ar. lêlawuhan (cacahan iwak).
asèb: êngg. kn glègèkên, atob.
asèng: êngg. kn ngajak.
asèp: (W) kn layang pangakuan utang (kang kêras bangêt).
asêli: kn. ak asli.
asêm: kn 1 ar. wit sarta wohe (rasane kêcut); 2 êngg. kêcut; [x]-an: 1 ak. sêla-sêlaning driji; 2 kw. bêbantên, dadi patèn; [x]-[x]-an: 1 pucêt (tmr. babaraning jarit); 2 êngg. timah-timah (tmr. tatuning jago kang mêntas diadu); 3 êngg. durung tutug ênggone anglèr (tmr.lêmah kang digarap); kc. masêm.
asêp: kn 1 kukus, uwab; 2 êngg. kêbul.
asig, asik: êngg. pc bagus (bêcik).
asih: kn trêsna marang; kc. sih.
asil: (A) kn 1 êngg. pamêtu; 2 pamêtu kang mirunggan (ora ajêg); 3 êngg. pc. bisa olèh (kêlakon) kang disêdya (dijaluk lsp); kc. kasil.
asin: kn rasa kaya rasaning uyah; di-[x]: dikum ing uyah (tmr.êndhog, iwak lsp); [x]-an: kang diasin (êndhog lsp); kc. masin.
asing: (M) kn (wong [x]) wong ngamanca (saliyane wong Indhonesiyah).
(asir): di-[x]-[x] êngg. kn diambus-ambus lan dilari (lng asu lsp); kc. osar-asir.
asiran: êngg. k durèn.
asistèn: (W) kn pambantu; [x]-wêdana ([x]-residhèn): pangkat sangisoring wêdana (residhèn).
asya: (S)kw 1 ngguyu, pêpoyok; 2 cangkêm.
asil: (A) kn 1 asal, kang kawitan (dêdunung lsp); 2 asal kang nurunake; 3 êngg (sawah [x]) pusaka; kc. asal.
aslup: kn 1 mlêbu ing; 2 sumurup tmr. srêngenge; kc. angslup.
asma: ki jênêng; diasmani ki. pc: ditèkêni.
asmara: (S) kw sêngsêm, sih trêsna; nyidra [x] kw: ndhêmêni.
asmaradana, asmarandana: kn ar. têmbang macapat.
asmaratura: (S) kw kêsêngsêm, kedanan.
asmu: kw sêmune kaya.
asnapun: (A) kn beda-beda.
asu: n. sêgawon k ar. kewan kang kalumrah diingu ing wong; sêdulur [x] ks: sêdulur tunggal biyung seje bapa; [x] arêbut balung pr: pêpadon rêbutan prakara sêpele; [x] munggah ing papahan pr:

ngrabèni tilas bojoning sêdulur tuwa; [x] bêlang kalung wang pr: wong asor nanging sugih.
asuh, asoh: kw lèrèn, mandhêg.
(asuk): di-[x]-ake pc diangsukake; kc. masuk, mangsuk.
asukaya: êngg. kn kaya, kaskaya.
asung: kw awèh, wèwèh.
asup: kw mlêbu.
asura: (S) kw buta.
aso: kn 1 wis lèrèn (mari sayah); 2 [x] (ut. ng-[x] lèrèn supaya mari sayah; 3 êngg. sarèh, sabar; diasokake: dilèrènake supaya mari sayah.
asok: kn mbayar (pajêg lsp); kc. sok, pasok.
ason-ason: êngg. kn mbêburu nganggo asu.
asor: 1 kw. nistha, ora luhur; 2 kn. (ut. andhap-asor) ora umuk, ora ngunggul-unggulake; 3 kn. kalah; ng-[x] kn. ak: ngalah; kc. kasor.
asor unggul: kn kalah mênang.
aspal: (W) kn bngs. tir dianggo mopok dalan lsp.
asrah: kn. ak pasrah; [x] bongkokan: masrahake gêgamane (trima têluk); [x] jiwa-raga ([x] pati-urip): masrahake awake (dikapak-kapakake gêlêm).
asrak: kw swara kumrasak (kayata ampuhan lsp).
asrama: (S) kw patapan (ngiras dianggo pamulangan).
asrang: kw sumiyut (ing angin lsp); kc. srang.
asrêng: kw mêmpêng bangêt, sêrêng.
asrêp: k adhêm.
asri: kn sawangane bêcik, ngrêsêpake pandêlêng; asrèn-asrèn ak: pajangan, rêrênggan.
asring: k sok.
asru: kw 1 sêru; 2 bangêt.
asta: 1 ki. tangan; 2 êngg. k. lêngên; 3 kn. tangan kang ngisor (dianggo ukuran); 4 êngg. k. bau (ukuran jêmbar); di-[x] ki: 1 dicêkêl; 2 ditandangi, dicakake.
astaga: (-pirullah) (A) kn (Gusti Allah karsaa ngayomi) sabawa mratelakake gumun bangêt, kagèt lsp.
astana: kw 1 kraton; 2 kuburan (ing ratu, wong kang linuwih).
astapirlah: pc astaga(-pirulah).
astèn: pc asistèn.
asti: kw gajah.
astu: (S) kw amin!
--- 21 ---
(astungkara) ~ atus.
(astungkara): mang-[x] kw mêmuji, ndonga.
(astuti): mang-[x] kw mêmuji, nyêmbah.
astra: kw: 1 gêgaman; 2 panah; kc. warastra.
astra lungiyan: kw bêbojoan.
ascarya: kw gumun, eram.
astha: (S) kw wolu.
asthabasu: kw gêgolonganing dewa cacahe wolu.

asthabrata: kw kautaman 8 (tmr.panjênênganing ratu ut. para narapraja).
asthagina: kw wolung bab (-silah).
asthi: kw. ak gajah; kc. asti.
aswa: (S) kw jaran.
aswameda: (S) kw sêsaji (riyaya) taunan.
aswi: kw bangêt-bangêt, sêrêng, pêksa.
ata: sapi [x] êngg sapi kang congore abang.
(atag): di-[x] kn dikon nindakake (pagawean lsp).
(atak): I [x]-[x] êngg. kn tumapak (wiwit) nindakake. II [x]-[x]-an êngg. kn: pilihan lurah desa. III di-[x]-i kn: ditata tumpuk-tumpuk banjur dibuntêl dluwang (tmr.dhuwit); [x]-an: dhuwit kang wis diataki; kc. satak.
atal: kn bngs watu kuning sok digawe borèh lsp.
atam: êngg. kc katam.
atanapi: kw lan, lan manèh, utawa, uga; kc. tanapi.
atap: kn. ak tata têtumpukan, rantap-rantap; kc. tap.
atas: I êngg. kn 1 ak. têrang, cêtha (tmr. pangrungu, pandêlêng); 2 wis têrang saka ut. olèh wêwênang saka, up. [x] karsaning Allah, [x] dhawuh Dalêm ingkang Sinuhun; ing atase: mungguh ing, tumrap ing. II kn. ak: ing dhuwur; mênang (kalah) [x]: mênang (kalah) dhuwur olèh-olèhe (ut. dhisik ênggone mênang); ng-[x] ak: 1 munggah; 2 mitêrang marang dhêdhuwuran; [x]-[x]-an ak: rêbut unggul.
atas angin: kw tanah-tanah kang dadi tuking angin (Asiyah).
atat: kw manuk bèthèt.
atawa: kw. ak utawa.
ate: êngg. arêp, bakal.
atèb: êngg. k atob.
atelah: kn saèm. klambi jas nanging cêkak.
atèn-atèn: 1 kn. peranganing pring kang jêro (sangisoring kulit); 2 (n. mêmanahan k) watak, wêwatakan; kc. ati.
atèr: êngg kn antèr.
(atêng): di-[x]-i kn. ak diratêngi; kc. matêng, ratêng.
atêp: kn: payon kang digawe wêlit (alang-alang, rapak).
(atêr): [x]- kn 1. êngg. pawèwèh (sêga salawuhane, panganan lsp) kang diêtêrake; 2 wanda kang kawuwuhake ing ngarêping têmbung lingga (kyt: dak, ko, di, ka lsp); di-[x](-ake) êngg: diêtêrake (digawa); di-[x]-i êngg: diêtêri pawèwèh sêga, panganan lsp; di-[x]-[x]-i: 1 diancêr-ancêri, dituduhake dalane; 2 ditrapi ater-atêr (tmr. têmbung); di-[x]-ake ak: diêtêrake; kc. êtêr, antêr.
atêr banyu: ([x] nanah) kn isi banyu (-nanah) tmr. tatu lsp.
ati: I kn perangan ing jêro kang êmpuk (tmr. pring, gori lsp); 2 peranganing jêroan kang dianggêp tandhon sarining pangan. II n. manah k. (pang)galih ki: 1 jantung; 2 têlênging rasa kabatinaning manungsa; 3 rasa-rumangsa, pangrasa; dadi [x]: 1 tansah dipikir (dirêmbug); 2 mangkêl, sêrik; satru [x] ak: mungsuh mung ing batin; [x] bengkong olèh oncong pr: duwe niyat ala olèh dêdalan; mambu [x]

pr: duwe kêpengin marang wong wadon (wong lanang); dahwèn [x] opèn; pr: nacad nanging arêp dimelik dhewe; ulat madhêp [x] karêp pr: wis duwe melik diwènêhi; [x]-ne pijêr arêp ... pc: kumudu-kudu arêp ... III di-[x]-[x] n. dipun atos-atos k: ditindakake kanthi wêweka (ora sêmbrana).
atibagya: (S) kw. ak bêgja bangêt.
atibara: (S) kw. ak abot bangét.
atibisana: (S) kw.ak galak (mêdèni) bangêt.
atibrata: (S) kw.ak utama bangêt, mêmpêng tapane.
atidaya: êngg.ak aja sing ..., malah ...
atidurta: (S)kw.ak julig bangêt.
atidhustha: (S) kw.ak ala bangêt.
atigorawa: (S) kw. ak urmat bangêt.
atiharsa: (S) kw.ak bungah bangêt.
atiyanta: kw bangêt, kêluwih-luwih; kc. atyanta.
atika, atiki: kw. ak iku, iki.
atihoma: (S) kw.ak umuk bangêt.
atiputa: (S) kw.ak rêsik bangêt.
atirodra: (S) kw.ak nggêgirisi bangêt.
atis: êngg. kn adhêm bangêt; kc. katisên.
atisadu: (S) kw ak sarèh (lêmbah manah) bangêt.
atisaya: (S) kw.ak bangêt, kêluwih-luwih.
atisomya: (S) kw.ak ayu bangêt
atita: (S) kw.ak sigêg, wis kêliwat (kêpungkur).
atiti: (S) kw.ak dhayoh.
atiwega: (S) kw.ak bantêr bangêt.
atma: (S) kw 1 nyawa, sukma; 2 anak.
atmaja: (S) kw anak.
atmaka: kw atma.
atub: êngg. kn mbiyêt (akèh wohe), akèh godhonge.
atul: kn. 1 bêtah mlaku; 2 wis kulina (manuh) nindakake; 3 ak. ora perdulèn.
atur: I kn. unjuk ki apa kang dikandhakake; [x] uninga: awèh wêruh (marang dhêdhuwuran); [x]-[x] kn. unjuk-unjuk ki: pawèwèh marang kang kinurmatan; di-[x]-i: 1 dikon (diajak) kanthi urmat; 2 ut. diaturake kn. diunjukake, disaosake ki) diwènèhake kalawan urmat; di-[x]-ake: diulungake, dikandhakake marang; di-[x]-i (diunjuki, disaosi ki) uninga (-pirsa, - priksa): diwèhi wêruh, dikandhani; kc. katur, matur. II.di-[x] êngg. kn: ditata dipranata; [x]-an êngg: tatanan, pranatan.
atus: I kn wilangan sapuluh puluhan
--- 22 ---
(-00); rong [x]:200; [x]-an: 1 sabên satus; 2 pirang-pirang atus.
atut ~ awis.
atut: (-runtut) kn rukun (carêm) ênggone bêbojoan; kc. tut.
atob: kn glègèkên, antob.
ator: êngg. kn nêgor.

atos: I kn 1 ora êmpuk; 2 ent. ora luwês, nyêrikake (tmr. têtêmbungan); 3 patohan, digdaya. II. dipun-[x]-[x] k: diati-ati.
atrap: kn marang, nata; kc. trap.
atri: kw sêru rame bangêt (tmr. surak lsp).
atyanta: (S) kw bangêt, kêluwih-luwih.
atyasa: (S) kw. ak luhur, kuwasa. digdaya.
acak: kn 1 êngg. nyoba; 2 wiwit tumandang; di-[x]-i ak: diwiwiti; kc. cak, cacak.
acala: (S) kw gunung.
acan: ora (durung) [x] êngg ora (durung) babar-pisan.
acar: I kn lêlawuhan kang digawe wowohan lsp. dicêncêm ing cokak (asêm); di-[x]: diolah acar. II di-[x] kn. êngg: 1 ditrajang, diancab; 2 diancang-ancangi; 3 ditumbuk, dibijig; kc. ancar.
acara: (S) kw kalakuan; diacarani kn: dibagèkake kalawan urmat.
aci: êngg kn pathi.
aclum, acum: kn katon pucêt (raine).
(acung): I [x]-[x] kn nênuduhake; ng-[x]:awèh sasmita sarana driji dicungatake (tmr. driji, têkên lsp). II di-[x]-ake kn.ak. dipilih (diajokake) supaya dadi sêsulih (banjêl); [x]-an ak: 1 banjêl; 2 sêsulih.
athah-athah: kn pring (kayu) dipalangake dianggo mêpêti dalam lsp.
(athang): nga-[x]-[x] kn têturon mlumah.
athèng: êngg. kn gathèng.
athi-athi: kn cêkênthunging rambut ing pilingan.
athik: I pc 1 ndadak nganggo ..., 2 andak iya; kc. kathik. II di-[x]-[x] kn: 1 digathuk-gathukake, dirumpaka (tmr. crita); 2 direka-reka nganti dadi; 3 pc. digawe-gawe; [x]-[x]-an: 1 sêsambungan gêgêlitaning anggota; 2 pc. rêrekan, karangan kang ora nyata.
(athing): di-[x]-[x]-ake kn. ak dipanggang.
athuh: pc adhuh.
athuk: êngg. pc 1 gathuk; 2 cocog; 3 aluwung, angur.
(acung): ng-[x] kn ngulungake tangan (arêp njêjaluk lsp); di-[x]-ake: 1 diumbulake lan diajokake (tmr. tangan, arêp nampani lsp); 2 diulungake.
athung-athung: êngg. kn banjêl, sêsulih; kc. acung.
athok: êngg. kn wis têtêp; kc. pathok.
(athong): di-[x]-ake êngg. pc diathungake.
awa: I kw. ak 1 padhang, bêning; 2 nyênyamah, moyoki. II kn. ak: hawa.
(awad): [x]-[x] kn kandha ora nyata mung digawe santolan (ethok-ethok); di-[x]-ake: dikandhakake yèn ... (mangka sajatine ora); [x]-an kn: santolan; kc. awat, pawadan.
(awang): ng-[x] kn ngawur (mung kalawan kira-kira); [x]-an: awuran, piyagahan.
awak: n. badan k. slira ki gêmbunging manungsa (kewan); [x]-e, [x]-ku, [x]-mu pc: dhèwèke, aku, kowe; [x]-[x] kn: 1 peranganing barang kang dadi pokok, wêngkuning sabak lsp; 2 ak. wêwakil, sêsulih; 3 êngg. adus mung ing awak; 4 êngg. wis gênah, cêtha; di-[x]-i kn.

dislirani, disarirani ki: ditandangi (ditindakake) dhewe; kc. pangawak, pawakan.
awal: I (A) kn. ak wiwitan, kang dhisik; isih [x]: isih tamban (durung kasèp); ing [x]-e: ing wiwitaning (sasi, taun lsp); di-[x]-ake: diajokake wêktune, dienggalake. II ng-[x] kn: saèm. nyirig bantêr (lakuning jaran). III [x]-[x] êngg. kn: bngs. irus, solèt.
awalepa: (S) kw.ak kibir, cênthula, kurang ajar.
awan: n. siyang k 1 wayah nalikane srêngenge wis dhuwur; 2 rahina, wayah nalikane ana srêngenge; kb. bêngi, wêngi.
awang-awang: kn hawa ing langit, langit; kêsandhung ing rata, kêbêntus ing awang-awang pr: kêna kacilakan kang ora dinyana babar pisan; etung awangan: etung mung sarana dikipir thok ora ditulis; awang-awangên: 2 singunên marga ndêlêng kang adoh bangêt lsp; 2 ent. wêgah.
awang-uwung: br awang-awang.
awar-awar: kn ar. têtuwuhan.
awas: kn 1. bisa ndêlêng, ora lamur; 2 landhêp pandêlênge; 3 waskitha, wêruh kang gaib-gaib; 4 êngg.ak.nggatèkake; 5 êngg ak. bantas; di-[x]-ake; ditamatke têmênan; kc. mawas, wawas.
(awat): di-[x]-[x]-i kn diamping-ampingi lan ditamatake.
(awe): di-[x] kn diundang (disasmitani) sarana tangan.
awèh: n 1 (suka k. kêparêng ki) olèh diêpèk (dijaluk lsp); 2 (nyukani k.) mènèhi.
awèl-awèl: kn. ak ndrêmimil.
awèt: kn ora enggal êntèk (rusak), bisa tahan lawas.
awêr-awêr: kn 1 apa-apa kang dianggo tutuping awak (supaya ora katon wuda); 2 têtêngêr (janur, tampar lsp) kanggo tandha yèn ora kêna diambah; di-[x](-[x])-i: 1 didokoki awêr-awêr; 2 ak. dirêmbug bakal diolèhake (dijodhokake) tmr. bocah wadon.
awi: I êngg mangga! II êngg: mênawa.
awig: êngg.kn pintêr (gêgawean); 2 alus ngrêmit (tmr.garapan).
awignam astu: (namassidhêm) (S) kw muga linuputna ing rêridhu.
awiyat: kw awang-awang.
(awin): di-[x] kw dicêkêli, digawa; kc. ngawin, kawin.
awir: (-an) kn saèm. tanggul sangkrah ing pinggir kali.
awis: k 1 arang; 2 larang; 3 êngg. arak;
--- 23 ---
[x]-[x] êngg. k: ara-ara; dipun-[x] k: diênyang; dipun-[x]-[x] dipun [x]-i k: dilarangi; [x]-an k: 1 larangan; 2 êngg: warangan
awit ~ babon.
awit: kn 1 (ut. [x]-an) êngg. wiwit, miwiti; 2 jêr, jalaran: [x]-([x] sangka, [x] dene): amarga (jalaran) saka; [x] sangka iku: marga mangkono mulane; [x] dening apa: sabab apa, kêpriye; kc. kawit.
awicarita: kw bisa (pintêr) ndongèng.
awya: kw aja.
awu: I kn lêbu tilas obong-obongan kayu lsp; [x]-ne tuwa sapa?: têtalêran ing sêduluran sapa kang kapêrnah tuwa. dadi [x] pc: sirna,

rusak. II di-[x]-[x] êngg. kn: disêbar (tmr. gabah kang arêp didhêdhêri. III ng-[x]-[x] kn.ak: 1 mbêbeda, ngrêridhu; 2 nyoroh-nyorohake pagawean.
(awud, awut): di-[x]-[x] kn 1 dicêkêl dijuwing-juwing; 2 disêbar mrana-mrana, diècèr-ècèr; 3 dibuwangi tanpa tanja; [x]-[x]-an ak: amuk-amukan, kira-kira, awagan; kc.mawud.
(awung): di-[x] êngg.kn diadhuk supaya lêmbut (tmr.lêmah); kc. mawug.
awuh: kw mbêngoh, njêlih, nguwuh.
awuk: kn. ak bosok; kc. wuk.
(awul): di-[x]-[x] kn diudhari lan diabul-abul (tmr.kapuk lsp).
awun-awun: kn grimis (ut. bun) ing wayah esuk.
(awur): di-[x] kn diawag tekadan bae (ora nganggo ditamatake); kc. mawur.
awoh: kn mêtu wohe.
awon: k ala.
awor: kn campur, têtunggalan; [x] sih kw: sanggama; kc. amor, wor.
awra: kw sumêbar mratani.
awrat: k: abot.

1. Huruf Jawa: ha.
2. Huruf Jawa: pasangan la.
3. Huruf Jawa: pasangan la.
4. Huruf Jawa: pasangan la.
5. tmr.
6. Huruf Jawa: adêg-adêg.
7. Huruf Jawa: adêg-adêg.
8. bngs.
9. Huruf Jawa: A.
10. panggangpe.

Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939,
(Bagian 02: B)

B

ba: (S) kw. ak sorot.
bab: (A) kn 1 jêjêring karangan; 2 prakara kang dirêmbug; 3 mungguh ing.
babad: I kn crita bab lêlakon sing wis kêlakon; di-[x]: dikarang dadi babad. II di-[x](-i) kn: ditêgori lan dirêsiki (gêgrumbulan, wit-witan lsp, dianggo padesan); [x]-an: palêmahan sing wis dibabadi; 2 êngg. (sawah) kang turun-tumurun (pusaka).
babag: (ut. sa-[x]) kn tandhing (mungguhing gêdhene, umur-umurane lsp); [x]-an: 1. bambinging prau kang diwrata (kanggo ngunggahake barang ing prau lsp); 2. mungguh ing bab ...
babah: I kn 1. (Cina babah) Cina pranakan; 2. (ut. bah) sêsêbutane Cina pranakan; [x] (ut. bah) buyut; sêbutane Cina pranakan sing wis tuwa. II di-[x] kn: dikêdhuki lan dibolong (tmr. bêbatur lsp. dianggo

mbrobos); [x]-an: lawang; 3. (ut. babah) êngg. dadi jalaran, dhadhakan.
babak: I kn mlècèt kulite; [x] bundhas ([x] bunyak); tatu padha babak akèh bangêt. di-[x]: 1 disèsèti lsp. kulite (tmr. wit); 2 êngg. digosok nganggo babakan (tmr. bolah lsp); [x]-an: pêcèlan klikaning wit. II (ut. [x]-an) kn: 1 saandhêgan (tmr. gêndhing); 2 saperangan (tmr. carita ing wayang wong lsp).
babak-salu: kn bngs. klabang gêdhe.
babal: I kn mêtu ucul (saka ing kurungan, kunjaran lsp) II kn: pêntil gori (nangka).
babar: kn 1 (ut. m-[x]) bisa dadi akèh (tmr. olah-olahan); 2 (ut. m-[x]) dadi akèh, tangkar-tumangkar akèh (tmr. wiji lsp); 2 (ut.m-[x]) br.badhar, malih bali kaya wujude kang sakawit; 4 (ut. m-[x] (-ake) layar mbèbèr layar: m-[x]: 1 (ut. m-[x]-ake wadi) mbukak wadi (dikandhak-kandhakake); 2 wis dadi ut. wis rampung (tmr. gêgawean ngukir-ukir, ngêcap lsp); 3 nggarap lan ngrampungake; 4 nyoga bathikan; 5 ki. manak (duwe anak); 6 (ut. m-[x]-ake) nggêlarake (kawruh lsp); di-[x]-ake: 1 ditangkar-tangkarake (tmr. wiji); 2 didadèkake akèh; 3 dikon nggarap (nyoga) ing.
babaran: kn 1 kang wis dibabar (digarap, disoga); 2 br. wêdharan; 3 ki. duwe anak.
babarji: êngg. kn 1 babar-pisan; 2 pc. mati, sirna babar pisan.
babar-pisan: kn 1 kabèh (dikatutake); 2 pambangêt atêgês têmênan, up. durung [x]; mbabar-pisani: ngrampungi; dibabar-pisanake: dirampungake (dikatutake, diêntèkake) kabèh.
babas: (-an) êngg. kn dumadakan banjur, nuli.
babat: kn wadhuk pangrêmêtan pangan (tmr. kewan bêlèhan); [x] galêng ([x] sumping, [x] tawon lsp): ar. siji-sijining peranganing babat.
babi: kn bngs. cèlèng sing wis tutut.
(babing): di-[x] êngg. kn dibalang.
(babit): m-[x] kn nyabêtake pêdhang lsp. mênyang ing ngiringan; di-[x]-ake: dicêkêl lan disabêtake.
bablas: kn 1 ilang saka ing pandêlêngan (lunga lsp); 2 wis adoh (lakune lsp); 3 têrus bae (tanpa menggok); 4 wis akèh (pasinaone lsp); 5 wis têkan kang dijangka; 6 pc. krungu saka kadohan.
babu: 1 kw. biyung; 2 kn. wong wadon sing gawene momong lsp (tmr. bature wong ngamônca); kc. babon.
babuh: pc kc. babo.
(babuk): di-[x] êngg. ak digudag, dibijig.
babut: kn bngs. klasa kang digawe wulu wêdhus lsp. ditênun.
babo: kn. 1 sabawa mratelakake saguh, wani lsp; 2 br. saèm. dhuh.
babok: êngg. kn 1 babon (pawitan); 2 (ut. [x]-an) kang baku.
babon: kn 1 pitik wadon (wis ngêndhog); 2 kang dadi lajêr (liyane prasasat dadi pange ut. anake); 3 pawitan (kang dianakake); 4 awak-awaking barang sing mawa tutup (cangkir, bèsèk lsp); 5 kang asli (tmr. layang, kb. turunan)
--- 24 ---

(babrag) ~- bae.
(babrag): m-[x] kn lagi nêdhêng-nêdhênge mêmpêng lan brai (tmr. jaka, jago lsp).
babragan: kn paga (wadhah kwali lsp).
(babrah): m-[x] êngg. kn. ngambra-ambra, dadi akèh.
(babrak): m-[x] kn 1 mundhak amba (tmr. tatu lsp); 2 êngg. nular mrana-mrana (tmr. gêni, lêlara).
(babral): di-[x] êngg. kn dipaprali, dipaprasi (tmr. têtuwuhan).
babrik: êngg. knpabrik.
bada: I êngg. pc: bakda. II bêbada kn mancal arêp lair (tmr. bayi ing wêtêngan).
badal: I di-[x] (-i) kn ora diturut (tmr. dhawuh lsp). II (A) kn: 1 sêsulih (kang dikon munggah kaji); 2 êngg. wêwakil (ing prakaran babagan agama).
badan: I êngg. pc riyaya lêbaran (bakda pasa); kc. bada, bakdan. II (A) kn (br.k): awak; [x] alus: roh, sukma; [x] wadhag: awak kang kasatmata; bêbadan: golonganing wong sawêtara kang pinatah ngrêmbug lsp.
badi: (abadi) (A) kn.ak langgêng, kang wiwitan.
badir: pc mubadir.
Baduwi: (A) kn ar. bangsa ing tanah Arab.
badra: I (S) kw 1 ak. kabêgjan, bêcik bangêt; 2 ak.ar. sasi; 3 ak.rêmbulan; 4 kn.ar. tênunan (tmr. jarit); kèmêngan [x] irawan br: susah bangêt. II bêbadra êngg. kn: 1 wiwit bêbakal; 2 mbabad alas.
bajag: kn begal ing sêgara; m-[x]: 1 mbegal ing sêgara; 2 êngg. lunga nglurug.
bajang: kn 1 dhasar cilik, kunthèt, up. bocah [x], kêcik [x]; 2 êngg. durung rampung babar-pisan (tmr. pagawean); di-[x]-ake êngg: diingu nganti dawa (tmr. rambut, wiwit lair ora dicukur); [x]-an: 1 êngg. pêntil pêlêm; 2 êngg. turahan pagawean; 3 wiwit lair ora dicukur (tmr. bocah).
bajang-kêrèk: kn ar. walang.
(bajêng): I pam-[x] (mbajêng pc) k pambarêp. II m-[x], [x]-an êngg.kn: bêbanjêngan.
baji: I êngg.ak rak ora, gèk mangsa. II kn: bngs. paku (ing têrbang lsp); kc. bèji.
bajing: kn ar. kewan ngrikiti kang dadi ama krambil; m-[x]: 1 pc. dadi bajingan; 2 êngg. bêburuh nglakokake grobag; [x]-an: 1 wong kang gawene ngutil (nyêbrot); 2 (tela [x]-an) êngg. tela dicêmplungake badhêg, kluwa tela.
bajisan: êngg. kn jothakan, satron.
baju: êngg.kn klambi.
baju-bèbèk: kn ar. kewan êndhase kaya bèbèk.
(bajug): m-[x] êngg.kn kurang-ajar.
bajul: êngg. kn. baya; [x] buntung pc wong sing sênêng bedhangan; [x] dharat pc: bajingan.
bajo: kw bajag.

(bajong): m-[x] kn nepang banyu sing ngêndhong; di-[x]-i: ditêlêsi sarana banyu ngêndhong ditepangi; [x]-an: têtuku (nênunggang lsp) urunan.
bajra: (S) kw 1 ak. intên; 2 ak. tumbak kang landhêpe lima; 3 blêdhèg, thathit.
badha: êngg.pc padha.
badhag: êngg.kn 1 êntèk; 2 muspra, tanpa guna.
badhaya: kn 1 êngg. tlèdhèk; 2 bngs. srimpi ing kraton.
badhak: (S) kw.ak alangan, cacad.
badhama: kw 1 êngg. gêgaman; 2 bngs. wadung.
badhar: kn 1 ak. wurung, ora dadi (tmr. tapa, niyat lsp); 2 êngg. malih rupa kaya kang mau.
badhawangan: kw bulus.
badhe: k 1 arêp; 2 bakal; 3 êngg. ora suwe nuli; m-[x] 1 kn.ak.mêthèk; 2 ak. bêdhèk; 3 (ut.mbêbadhe) k.mbakali.
badhean: kn1 cangkriman; 2 êngg. babadan.
badhe-badhe: êngg.kn papan nêmokake pangantèn.
badhèg: kn 1 lêgèn arèn sing wis diadoni; 2 êngg. arak.
(badhèk): di-[x] êngg. kn dibêdhèk;kc.badhe.
badhèr: kn ar. iwak kali saèm. gramèh.
badhêg: kn mambu ora enak (kaya ambune kopok); 2 êngg.wis bosok sarta mambu; 3 êngg.pc.ora bêcik (kurang ajar, ala bangêt lsp).
(badhe): m-[x] kn durung tanak (isih rada atos tmr. sêga).
badhigal: kn ênthung urèt; m-[x] ênggkurang ajar.
badhigas:pating [x], [x]-an kn cênanangan ora ngêrti tata.
badhigul: kn.ak bodho; [x] angêne pr: kumintêr.
badhik: kn bngs. cundrik.
badhud: kn 1 wong kang dadi lêlucon; 2 êngg. bngs. cathut; m-[x](-i): nglucu; [x]-an: lêlucon.
badhur: êngg. kn [x]-[x], [x]-en: 1 kasar sarta mêrkotok (kulite); 2 pating blarut ut. sêmu biru (tmr. dhuwit slaka).
(badhog): m-[x] pc.ks mangan.
badhol: kn ar. iwak loh.
badhong: kn 1 blebekan rêrêngganing dhadha (wayang, jaran); 2 êngg. praba (rêrênggan ing wayang wangune kaya suwiwi ing buri gêgêr); 3 êngg. bngs.wuwu gêdhe; 4 êngg. kranjangan pikukuhing tanggul; 5 êngg. blebekan slaka lsp. tutup pawadonan (bocah); 6 êngg.ki.pawadonan.
bae: kn. kemawon k 1 ngêmungake, up. iki [x], kowe [x]; 2 mung (ngêmu surasa lumrah, ora nggumunake) up. mêsthi [x] bisa, wong dituturi; 3 mung (ngêmu surasa kurang samêsthine, rada ngrèmèhake), up. yèn ora olèh lima, iya loro [x]; wong kaya ngono [x] kok kumênthus; ora mbae êngg, ora (dudu) baèn-baèn kn: bangêt, ngungkuli kang lumrah; dudu sabaene: ora lumrah (bangêt); dibaèkake pc: dirèmèhake, ora dipaèlu. II êngg.kn: dak-badhe (dak-bêdhèk) mêsthi ... (tmr. botohan, lsp), up. [x] sing abang apa sing putih.

--- 25 ---
(baekot) ~ bayor.
(baekot): di-[x] êngg. pc digithing.
(baèn): kc. bae.
(baenak): di-[x]-ake êngg.pc dibaèkake; kc. bae.
baenat: (A) êngg.kn bukti, katêrangan.
baga: I (S) kw guwa-garba; 2 pawadonan. II (S) kw.ak: bagean, perangan.
bagal: êngg.kn janggêl.
bagas: kn ora lêlaranên.
bagaskara: kw srêngenge.
bagas-kuwarasan: n. bagas-kasarasan k waras ora lêlaranên.
bagaspati: kw srêngenge.
bagawan: (S) kw (bêgja bangêt) sêsêbutaning pandhita, pêndhita, wong suci; m-[x] (mêgawan) kw: urip sacaraning pêndhita.
bage: I (ut. sukur [x] sèwu) pc. nuwun bangêt dene, bêgja bangêt dene; bagea (-satêkamu) br muga nêmua rahayu slamêt; dibagèkake: diacarani ing nalikane têka. II di-[x] kn: diperang-perang, didum-dum; dibagèhi, dibagèni: diwènèhi bagean; [x]-an: 1 panduman; 2 perangan, pêprincèn.
bagèn: I (ut. [x] ora, [x] tora) êngg karêbèn. II êngg: (sawah) darbèke wong akèh.
bagendha: kn.ak sêsêbutaning ratu.
(bagêl): di-[x] êngg.kndibalang (nganggo tugêlan kayu lsp).
(bagi): di-[x] êngg.kn dibage.
bagja: (S) kw bêgja.
bagna: (S) kw rusak, sirna, lêbur, rampung.
bagus: kn 1 êngg.pc.bêcik; 2 bêcik rupane (tmr.wong lanang); 3 sêsêbutane bocah (wong) lanang sing rada dhuwur pangkate.
bago: kn. 1 lulup wit so; 2 bngs. bagor sing digawe lulup so.
(bagol): m-[x] êngg.kn ngapus-apusi (utang, nyilih lsp).
bagolan: êngg.kn ar. jamu dianggo tamba wêtêng.
bagong: êngg.kn ringgit êmas (dianggo mainan jam lsp).
bagongan: êngg.kn basa kêdhaton.
bagor: kn1 bngs. tênunan sing digawe godhong gêbang; 2 kanthong gêdhe sing digawe bagor.
bagowong: kn.akgrahana srêngenge (rêmbulan) nganti êntèk.
bagrègan: êngg.kn wis ora kukuh (rusak).
bah: I êngg karêbèn: mbah-bah, mbah-ake êngg: ngêtogake bae (ora mitulungi lsp). II kn: wc. babah. III mbah pc: êmbah.
baha: (S) kw.ak kali.
bahak: kn bngs. manuk wulung; m-[x], mbêbahak ak: ngrêbut sarta ngêpèk darbèking liyan (njarah-rayah); [x]-an: jarahan.
bahan: I (ut. abahan) êngg.kn kayu bakal balungan omah. II êngg.kn: karêbèn.
bahar: (A) kn.ak sêgara.
bahêm: êngg.kn bam.

bahni: (S) kw gêni.
baita: kprau.
baya: I kn ar. kewan rumangkang, bngs. mimir; kêtiban tai [x] pc: kêna ing pandakwa; (kinêpung wakul) binaya mangap br: dikêpung ing mungsuh. II kn: 1 apa iya ..., ayake ..., up. [x] wis karsaning Pangeran; 2 (apa, sapa, ngêndi [x]) lah gèk (apa, sapa, ngêndi); [x] kêpriye: lah gèk kêpriye. III 1 kw. wêdi, mutawatiri; 2 (ut.bêbaya) kn.pakewuh, kacilakan (kang bakal kêlakon); sa-[x] pati br: rukun nganti têkan ing mati pisan; mbêbayani; 1 mutawatiri bangêt; 2 êngg. bangêt; ke-[x]-[x] br: tansah nandhang cilaka. IV. kw: janji (wc.ubaya).
bayah: I kn mêri sing wis rada gêdhe. II êngg.kn: wêgah; m-[x]-i êngg: bangêt (tmr. lêlara).
bayaita: kw.ak prajurit.
(bayak): [x]-[x], bêbayakan kn dhêdhampyakan akèh bangêt.
Bayaka: bayaknan êngg ayake, bokmênawa bae.
bayakna: bayaknea êngg ayake bae iya.
bayan: I kw manuk bèthèt. II pc: kêbayan, gêbayan.
bayanaka: (S) kw.ak nggêgirisi, mêmêdèni.
bayang: I êngg.kn ambèn; di-[x](-[x]) ak: dirêrampa lan diusung (tmr. wong sêmaput lsp); [x]-an: 1 ak. wong sing dibayang-bayang (wong lara lsp); 2 ak. burukan, mêmangsan. II ma-[x]-an kw.ak: kêkitêr, mblayang.
bayangan: êngg.kn wêwayangan.
bayangkara: (S) kw.ak prajurit panjaga.
(bayangkare): di-[x] kn.ak ditêmokake banjur diarak (tmr. pangantèn).
(bayangkari, bayangkarya): br bayangkare.
bayar: êngg. diblanja (diwènèhi bayar); 2 (ut. di-[x]-i) diwènèhi dhuwit minangka patukon, panyauring utang lsp; (pam-) [x]-an: ênggone mbayar (mbayari).
bayas: kn ar. iwak loh.
bayatara: (S) kw.ak mbêbayani bangêt.
bayawara: kw undhang-undhang (dhawuh saka dhêdhuwuran); dibayawarakake: diundhangake, diwara-warakake.
bayèn: êngg.kn lagi mêntas duwe bayi.
bayêm: kn ar. têtuwuhan (godhonge ana sing kêna dikêla); siram-siram [x] pr: pujining wong akèh (bokmanawa ajalari kêlakon).
bayi: kn 1 bocah kang mêntas lair; 2 êngg. gêndhuk (panyêbut marang bocah wadon).
bayinat: (A) kn.ak bukti, katêrangan.
bayu: I (ut.bêbayu) kn urat dalan gêtih; tanpa bêbayu br: lêmês, tanpa kakuwatan; bêbayon br: aji pangapêsan. II (S) kw: angin.
bayu-bajra: (S) kw angin lan blêdhèg (prahara).
bayur: êngg.kn adus wuwung.
bayonèt: (W) kn sangkuh.
(bayong): m-[x] êngg.kn 1 padha têka ngumpul (arêp nggarap bêbarêngan); 2 padha ngumpul arêp ngêlahake lurahe (tmr. wong-wong ing padesan).

bayor: kn ar. iwak.
--- 26 ---
bak ~ bale-kambang.
bak: I (ut. [x]-e) êngg.pc: coba! mara! II [x]-e (tibake) êngg. pc: jêbul(e) III (W) kn 1 wadhah (banyu lsp); 2 êngg. kothakan palêmahan kang ditanduri têbu (diêlêt-êlêti kalènan); 3 palungguhan ing kreta. IV (c) kn: mangsi Cina. V êngg.pc: kêrtu têlu padha kabèh (tmr. main gonggong).
baka: I (ut.mbaka) êngg.kn sangka, saka, up.dijupuki [x] lima.II (A) kn.ak: ora ewah gingsir, langgêng. III (S) kw.ak: manuk cangak.
bakah: êngg.kn njênggar amba (tmr. pang lsp).
bak-ayu: êngg.kn bok-ayu.
bakal: n. badhe k. 1 apa-apa sing arêp dianggo dandanan; 2 calon, gadhangan dadi; 3 (ut. [x]-an) êngg. pacangan; 4 (ut.bêbakal, [x]-an) isih anyaran, durung dadi, durung dilêlantih; 5 êngg. rajangan godhong awar-awar dianggo nyêrèt; 6 êngg.arêp, nêdya, ing têmbe arêp kêlakon ... (bar, dirakêti têmbung tanggap); bêbakal, m-[x]-i: miwiti gawe (dandanan, desa lsp), miwiti nglêlantih (pêrkutut, jaran lsp).
(bakar): di-[x] kn 1 dipanggang ut. dicêmplungake ing gêni; 2 êngg. dibênêm (ing gêni blubukan); 3 êngg. diobong; [x]-an: 1 apa-apa sing dibakar; 2 (ut. ke-[x]-an) êngg. kobongan.
bakaran: kn ar. mainan (nganggo kêrtu).
bakat: kw.ak kuwat; kc.bangkat.
bakbakan: kn klabakan.
bakda: (A) kn 1 sawise (wêktu, tumindak); 2 êngg. rampung, bubar (tmr. pagawean); 3 (ut. bakdan) riyaya lêbaran (sawise pasa, 1 Sawal), klêbu uga riyaya 8 Sawal, 10 Bêsar, 12 Mulud; 4 êngg. sasi Sawal; sabakdane êngg: sawise.
bakên: êngg.k 1 baku; 2 palungguh; kc. bakon.
baki: kn tembor
bakyak kn: gapyak, thèklèk.
bakyu: kn sêdulur wadon kang kapêrnah tuwa.
bakmi: (C) kn olah-olahan Cina kang nganggo mi.
bakmu: (C) kn ar. olah-olahan Cina saèm, saoto.
baku: kn. 1 kang pancèn têtêp duwe hak; 2 pokok (ing pagawean, pakaryan lsp); 3 (ut. bêbaku) lajêr ut. kang dadi dhêdhasar (tmr. wawasan, rêrêmbugan lsp); 4 kang wênang ndarbèni (nganggo nindakake lsp); bakune: 1 êngg. dhasare pancèn mula ...; 2 kang dadi jêjêre yaiku ...; dibakoni: dipokoki; kc. bakon.
bakuh: kn 1 pêngkuh (ora gampang bujad); 2 êngg. kukuh atine.
baku-karang: êngg.kn (wong desa) kang mung duwe pakarangan lan omah (ora duwe sawah).
bakul: kn 1 wong wadon sing dodolan (cilik-cilikan); 2 êngg. wong sing kulak pamêtuning padesan lsp. arêp diêdol manèh; 3 êngg. wakul; [x]-an, bêbakulan: dodolan barang-barang (cilik-cilikan).
bakula: kn ar. kêmbang.

bakung: kn ar. kêmbang.
baku-omah: (-omah) kn wong sing duwe omah.
baku-pajêg: kn dhuwit pajêg lêmah.
baku-sawah: kn 1 jêmbaring sawah sing dikênakake pajêg; 2 (ut.baku) êngg. wong sing duwe wênang ndarbèni sawah.
bako: pc têmbako.
bakoh: êngg.kc bakuh.
bakon: kn 1 êngg. wêwênang mèlu ndarbèni sawahing desa; 2 (ut. baku) êngg. sawah palungguh (ing lurah desa lsp).
baksa, baksana: (S) kw.ak pangan.
bakta: I (S) kw.ak pangan. II m-[x] kw.ak: nggawa; kc. bêkta.
bakti: (S) kw pakurmatan, sêtya-tuhu; kc. bêkti.
bal: (W) kn 1 bundêran karèt ut. wlulang (dianggo dolanan); 2 buntêlan gêdhe (kapuk lsp. sing arêp dikirimake); 3 petunganing lawon, dluwang lsp; [x]-[x]-an: 1 dolanan bal; 2 êngg.pc. akèh bangêt.
bala: I (S) kw ak.karosan, kakuwatan; 2 kn. prajurit kang mèlu pêrang. II kn: ar. wuku kang kaping sêlawe.
balabag: br blabag.
balabak: br blabak.
balabar: br. blabar.
balad: êngg.ak gugur-gunung.
baladika: (S) kw.ak pangarêping prajurit.
balak: I êngg.kn. gogrog ora bisa matêng (tmr. wowohan). II di-[x] kn.ak ora ditampa, ditampik, dibalèkake.
balaka: kn blaka.
balanja: kn blanja.
balang: kn apa-apa sing dianggo nyawat; nututi [x] wis tiba pr: nututi basa sing wis kêwêtu; nyawat a-[x] wohe pr: duwe pangarah nganggo njaluk tulung marang sanak sadulure sing dipangarah; bêbalang br: kongkongan; di-[x]: disawat, diuncali.
(balap): m-[x] êngg.kn mlayu rikat bangêt; [x]-an: 1 rikat-rikatan mlayu (rêbut dhisik sarana mlayu lsp); 2 papan kang dianggo dhisik-dhisikan mlayu; 3 êngg. rêbut mênang.
bala-pêcah: kn barang-barang sing gampang pêcahe (piring, cangkir lsp).
balas: (W) êngg baluh (ing prau lsp).
bala-srèwu: kn.ak ar.aji bisa nganakake setan akèh.
balawan: (S) kw.ak sêntosa bangêt; kc. blawan.
bale: 1 kw:omah; 2 êngg.ak pêndhapa; 3 êngg. ambèn; kere munggah ing [x] pr: wong asor didadèkake luhur; cèkèl (cèkèr) longaning [x] br: wong kang asor.
bale-desa: kn omah darbèking desa dianggo pakumpulan.
balèg: kn 1 diwasa; 2 wis wayahe omah-omah; m-[x] êngg: wis kulina, wis ngêrti têmênan, kc. akil balèg.
bale-kambang: kn omah-omahan ing têngahing blumbang (tlagan).
--- 27 ---
balela ~ bandakala.

balela, balila: m-[x] kn mbangkang marang prentah, ngraman.
bale-mangu: kn pangadilan ing kapatihan.
balèn: n. wangsulan k 1 apa-apa sing dibalèkake; 2 (ut. balènan) êngg. wangsulan, jawaban; 3 apa-apa kang bali; 4 bali bêbojoan manèh (tmr. wong sing wis pêgatan); kc. bali.
bale-omah: n. bale-griya k omah sarta pakarangan.
bale-pomahan: n. bale-pemahan k kc. bale-omah.
balêman: êngg. kn gêni mawa.
balês: I êngg. kn 1 baluh (ing prau lsp); 2 bandhul (ing jaring, jala lsp). II êngg.kn: mêsin (wêsi) dianggo nggilês dalan. III di -[x]-i êngg.kn: diwangsuli (tmr.layang); [x]-an êngg: wangsulan (layang).
bali: n. wangsul k 1 mênyang ing wiwitane; 2 diambali manèh saka wiwitan; 3 têka ing omahe; 4 êngg. mulih; di-balèni: 1 diwiwiti manèh saka kawitan; 2 diulihi manèh (tmr. bojo sing wis dipêgat); 3 dijupuk (ditiliki lsp) manèh; 4 ditindakake (digarap) manèh tmr. pagawean; dibalèkake: dikon bali, diulihake, diwènèhake manèh: kc. balèn.
balig: êngg.kn kc. balèg.
balik: kn 1 êngg. walik; 2 ([x]-an) nanging barêng, nanging yèn, nanging rèhne; 3 êngg.bali; 4 êngg.mulih; 5 br.walik(-an), kuwalik; m-[x]: 1 bali ngênêr marang asale (tmr. lakuning angin lsp, uga ent); 2 gênti mèlu marang mungsuhe; 3 pc. malik.
balila: kn kc. balela
balingu, balinguh: kw.ak berag, bungah, mêmpêng.
balya: br. bali.
baluh: kn 1 bandhul (dianggo nyilêmake jaring lsp); 2 ar. piranti misaya iwak; bêbaluh br: rewang (kêrêngan, padu lsp); di-[x]-i: dibandhuli; 2 (ut. dibêbaluhi) êngg.ak. dibiyantu (ênggone arêp laku ala, pêpadon lsp).
baluk: I êngg.kn. bakul. II m-[x]-(-i) êngg.kn: mbalik.
balunan: êngg.kn. mencla-mencle.
balung: kn. tosan ki. raganganing kewan (manungsa); [x] pêking br: wong kang sèkèng; (gêtih cinelung) balung cinandhi br: (yèn ana) pêpati; [x] tinumpuk pr: ngrabèkake anak loro bêbarêngan; madu [x] tanpa isi (kêpesing)pr: pêpadon prakara barang sapele; ngumpulake [x] apisah pr: njodhokake bocah sing isih kaprênah sanak (supaya rakêt manèh ênggone sêduluran); m-[x] usus pc: kêkarêpane kêndho kêncêng; [x]-an, bêbalungan: 1 (kayu-kayu) raganganing omah; 2 lajêring crita.
balur: I kn. dhèndhèng iwak loh (diasin). II [x]-[x] êngg.kn: bilur.
baluwarti: kn. pagêr bata, bètèng (tmr. kang ngubêngi kraton).
balo: êngg.kn. 1 kurang tanak (tmr.olah-olahan), mêntah; 2 bodho, mogol (tmr. sêsurupan).
baloh: êngg.kn. ar. piranti misaya iwak; kc.baluh.
balok: kn. 1 kayu sing wis diprèjèngi wangun pêsagi; 2 êngg. benggol (2 ½ sèn).

balon: (W) kn. 1 dluwang (motha lsp) diwangun kanthongan bundêr (lonjong) diumbulake srana diisèni gas lsp; 2 êngg. plênthong diyan listrik.
balonan: êngg.kn. mencla-mencle.
balong: kn. 1 (ut. mbalong) lêdhok lan banyune ngêndhong (tmr. palêmahan); 2 êngg. blumbangan (tmr. dianggo ngingu iwak).
balowarti: kn. baluwarti.
bam, êbam: kn. untu pamamah; [x] wêkas(-an): bam kang buri dhewe.
bamba: êngg.kn. mawa (arêng).
bamban: I kn.ak. wiwit manèh (tmr.dolanan lsp). II kn: ar. têtuwuhan bngs. glagah (sok digawe klasa).
bambang: I kw. satriya (nonoman) II kn: ar.ama pari.
bambêt: êngg.k. pring.
bambing: kn. pinggiring jurang, kali lsp; m-[x]: 1 dumunung ing bambing; 2 ndhoyong mayat (tmr. prau, dalan ing pinggir jurang lsp); [x]-an êngg: pinggiring kali lsp: kang mayat.
bambu: êngg.k. pring; pukrul [x] pc: pukrul dudu wêton sêkolahan luhur; kc. bambon.
bambung: êngg.kn. 1 (ut.mbambung) ora nganggo pikiran (gêndhêng); 2 kuwawung.
bambon: kn. papan dianggo adol candu (ut. papan panyêrètan).
ban: I (mban) pc. êmban. II (W) kn: 1 karèt blêbêd rodha pit (montor lsp); 2 êngg. sabuk wlulang (nganggo cathokan); 3 dluwang blêbêd (ing buku sing arêp dikirimake lsp). III (W) kn: dalan sêpur.
bana: I êngg.kn. ora ana, ora bakal ana, II êngg.kn: palêmahan wrata. III (S) kw.ak: panah. IV mbêbana kw: njêjaluk marang.
banantên: kn.ak. ar. bakal bngs.sutra.
banar: kn. 1 longgar lan padhang (tmr. panggonan, papan); 2 êngg. ora sumpêg (tmr. ati); [x]-an: papan sing longgar padhang.
banarawa: êngg.kn. (sawah [x]) sawah sing dumunung ing papan lêdhok yèn mangsa rêndhêng kêlêban banyu.
banat: êngg.kn. 1 bngs. jaring; 2 (ut. [x]-an) bandhil.
banawa: kw. prau.
banawi: kw. bêngawan; kc.bênawi.
banda: I kn. tali (tampar lsp) dianggo nalèni tangan; lawanan (lan) [x] pr: mêmungsuhan karo wong apês; di-[x]: ditalèni tangane karo pisan (tmr.dumunung buri gêgêr); bêbandan br: wong sing dibanda. II kw.ak: awak.
bandayuda: kw. pêrang rukêt padha ijèn (tanpa gêgaman).
bandakala: (ut. bandakalani) 1 kw. wani nglawan, ora gampang dikalahake; 2 êngg. mbêbayani.
--- 28 ---
bandana ~ bandhol.
bandana: (S) kw.ak. 1 tali, tampar, srimpêt; 2 pakewuh; kc. bêndana.
bandar: (Prs) kn.ak. kutha palabuhan; 2 wong sing dadi pancêr (sing dimungsuh botoh liyane, tmr. main kêrtu, dhadhu lsp); m-[x]: dadi

bandar (ing mainan); (ka-) [x]-an, pam-[x]-an ak: pabeyan (kantor dianggo mupu beya ing palabuhan).
bandara: kn. kc. bêndara.
bandawala: (-pati) kw. prang tandhing nganti mati salah siji.
bandawasa: kw.ak. karosan, kakuwatan.
bandera: (Prt) kn.ak. gêndera.
bandêl: kn. 1 ora cingèng, ora gêmbèng; 2 êngg. manuk dianggo jontrot.
bandêng: kn. ar. iwak loh.
(bandhul): di-[x] êngg.kn. diiyun; kc. bandhul.
bandrèk: kn. 1 (ut.laku [x]) dhêmênan karo bojoning liyan; 2 sorog (kunci) palsu; di-[x]: dibukak nganggo kunci palsu, diwêngakake kanthi dibujad.
(bandrêng): [x]-an, m-[x] êngg.kn. têrus bae tanpa lèrèn.
banding: êngg.kn. bandhil.
banjang: êngg.kn. pathokan ing sêgara dianggo piranti misaya iwak.
banjar: kn. 1 ak. lêlarikan dawa; 2 (ut. [x]-an) kw. taman, pakêbonan; [x] dawa ak: desa kang têpung karo desa liyane; [x] pakarangan ak: pomahan; di-[x]-i (-ake): dibêntèli lan dipantha-pantha ana ing leleran (tmr. winih pari sing arêp diceblokake).
banjêl: kn. sêsulih ing sawêtara mangsa (tmr. nindakake pagawean lsp), pangan kang dianggo gêgênti (marga kang baku ora ana); di-[x](-i): disulihi (sawêtara mangsa).
(banjêng): m-[x], bêbanjêngan kn. katon lêlarikan sarta gêgandhengan dawa.
banjêt: êngg.kn 1 (pam-)bujuk; 2 jomblang; 3 tukang ajak-ajak milih (tmr. pilihan lurah desa); 4 wis omah bangêt (bisa nggèndèng liyane) tmr.dara; m-[x] êngg: tansah lunga mrana-mrana (nggêgolèki).
banjir: n bêna k, gêdhe iline (tmr.kali); di-[x] êngg.pc: dibladhêg bae; kê-[x]-an: kêtrajang ing banjir, kêlêban.
banjir-bandhang: kn banjir gêdhe (nganti gawe karusakan).
banjur: n lajêng k 1 (ut. m-[x], [x]-an n. nglajêng, lajêngan k) êngg. têrusan bae tanpa lèrèn; 2 (ut. m-[x] n. nglajêng k) mlaku têrus; 3 têrus mlêbu (tmr. dhayoh); 4 nuli, tumuli; sa-[x]-e: têruse nuli, satêruse; di-[x]-ake: ditêrusake, ditutugake (tmr. crita lsp); kê-[x]: kêbacut, kêtêrusên; kê-[x]-[x]: têrus bae ênggone nglakoni ala.
banjut: I (ut. mbanjut) êngg banjur, mbanjur. II di-[x] kn.ak: dijupuk digawa lunga, dijupuk nyawane (dipatèni). III êngg.kn: bêngkung.
bandha: kn 1 kasugihan (barang, rajabrana lsp); 2 pawitan (ing padagangan); 3 êngg. barang-barang sing arêp dianggo gawe omah; dibandhani: diwragadi, diwènèhi pawitan;kc. bandhan.
bandha-bandhu: kw. sugih bandha lan sugih sanak-sadulur.
bandha-bau: kn. 1 mung pawitan bau (gêlêm tumandang); 2 iya diwragadi iya ditandangi.
bandha-beya: br. wragad.
bandhan: êngg.kn. 1 padha urunan (dianggo dêdagangan lsp); 2 urunan (dhuwit sing dianggo urun).

bandhang: I êngg.kn. kranjang wadhah bibit têbu. II banjir [x] kn: banjir gêdhe; iso [x] kn: iwak iso sing pating kruwêl; tali (tangsul k) [x] ak: tampar dianggo sabukan prajurit jaranan (kanggo mbanda mungsuh); m-[x]: 1 mlayu bantêr (tmr. mungsuh); 2 pc. rikat bangêt (ênggone maca lsp); 3 ngatutake, nggawa tawanan; [x]-an: tawanan, apa-apa sing dijarah-rayah; kc.blandhang.
bandhat: kn. tali (tampar gêdhe) dianggo mikul barang sing abot (sing mikul wong loro) di-[x]: dipikul nganggo bandhat.
bandhawa: (S) kw.ak. sanak sêdulur.
bandhêk: êngg.kn. ngucapake têmbung Jawa kang aswara a diucapake miring.
bandhêm: kn. balang kang gêdhe lan antêp; di-[x]: 1 dibalang nganggo watu lsp. sing antêp; 2 êngg. dibanting; di-[x]-i: dibalangi ing watu antêb.
bandhêm-po: ([x]-pung, [x]-lêmpung) kn. 1 lêmah (lêmpung) digilig-gilig bundêr (dianggo dolanan); 2 êngg. bngs. kinjêng gêdhe.
bandhil: kn. 1 ak.tampar mawa salangan dianggo nyawatake watu; 2 êngg. krikil (watu) ditalèni bolah dianggo ngarah layangan sing sumangsang, bolah lsp; 3 (ut. ri bandhil) êngg.ak.canggah (gêgamane wong jaga); di-[x]: disawat nganggo bandhil; di-[x]-ake: 1 dibalangake nganggo bandhil; 2 êngg. (dhuwit) dianggo tuku barang banjur diêdol manèh (supaya mundhak); [x]-an: 1 dolanan bandhil; 2 ar. wanguning ali-ali amata siji.
(bandhing):di-[x] êngg.pc. ditandhing;kc.pandhing.
bandhit: (W) pc. maling (julig).
bandhu: (S) kw. sanak-sêdulur.
bandhul: kn. 1 apa-apa sing abot digandhulake (murih timbang, jêjêg lsp kyt. ing jam, traju, ing gawangan lsp); 2 êngg. tampang ing jala; 3 êngg. sabuntêlan (tmr. gula arèn, 4 ut. 5 tangkêp); di-[x]-i: ditrapi bandhul.
bandhulan: (bandhulan êngg) kn. 1 tampar lsp. digantungake ing pang (jagrag) nganggo palinggihan dianggo yun-yunan; 2 ak. paturon bayi sing digantung (ing blandar lsp); 3 yun-yunan.
bandhung: êngg.ak. barêng, bêbarêngan, barung (tmr.swaraning gamêlan); lumbung [x], sumur [x] ak: (lumbung, sumur) gêdhe; di-[x] ak: dirangkêp, dibarêng.
(bandhut): di-[x] êngg.kn. dipikul; kc. bandhat.
bandhol: kn. 1 ndhugal, ugal-ugalan; 2 êngg. sêmbrana (dhêmên nglucu); 3 ringas (tmr. jaran); 4 êngg. bêbenggoling durjana; m-[x] êngg.pc: nglucu.
--- 29 ---
bandhosa ~ (banyuwara).
bandhosa: êngg. kn. ambèn-ambènan nganggo tutup dianggo ngusung mayit (menyang kuburan).
bandhot: êngg. kn. wêdhus lanang.
bandhotan: kn. ar. ula.
bane: kn.ak. swara; ora ana banène (banèke) êngg ana swarane wong.

banèh: kn. ak. seje; kc. bènèh.
banèn: aja [x]-[x] êngg. pc. aja nywara, aja kandha-kandha; kc. bane.
bani: (A) kn. ak. anak, turun.
banija: (S) kw. ak. sudagar.
baning: kw. ak. bulus.
banu: (S) kw. ak. sorot, srêngenge.
banon: k. bata.
bantah: kn. pêpadon prakara ngèlmu (kasampurnan); di-[x](-i): dipadoni; (bê-)[x]-an: pêpadon, rêbut bênêr.
bantal: kn. ganjêl êndhas (ing nalikane turu); (ut. [x] susun, [x]-an) êngg. bêndungan ing pungkasaning lobangan (têbu); [x]-an: 1 nganggo bantal; ganjêl lèmèk (saèm. bantal cilik); 3 balok ganjêl ril.
bantala: kw. lêmah; kc. buntala, butala.
bantaran: kn. 1 papan sing cêthèk sarta ilining banyu bantêr (ing kali); 2 êngg. pawêdhèn ing pinggiring kali.
bantas: kn. 1 sêru nganti krungu saka kadohan (tmr. unining bêdhil, mêrcon lsp); 2 êngg. bêcik bangêt, awèt sarta kêdhut (tmr. tênunan).
bantat: kn. atos sarta kaku (tmr.roti, kulit abuh lsp).
(bantên): bêbantên kn.ak. kang dadi têtawur (patèn) murih bisa kalêksanan kang disêdya.
bantêr: kn. 1 rikat, santêr; 2 kanthi mêmpêng (ênggone nyambut gawe); 3 sarwa akèh (ênggone nyêrèt, ambuwang dhuwit lsp); 4 kêndêl, ora wêdèn (tmr. wêwatêkan); 5 mêmpêng bangêt (ênggone nglakoni, tapa lsp); 6 sêru, bantas.
(banting): di-[x] kn. 1 ditibakake kanthi karosan, diwanting (tmr. wasuhan); 2 êngg. pc. diêdol sapayu-payune; [x]-an: gêlut gênti mbanting.
bantu: kn. 1 pitulungan; 2 prajurit ut. wong-wong kang mitulungi; di-[x] êngg: dipitulungi; dibantoni: dipitulungi (tmr.nalikane pêrang).
bancak: êngg.kn. bngs.cêthing dianggo wadhah tumpêng; di-[x]-i: dislamêti (tmr. bocah cilik); [x]-an: slamêtan tumrap bocah cilik (mbênêri wêtone lsp).
bancana: (S) kw.ak. 1 pangapus, kagol; 2 alangan, bêbaya, pakewuh; di-[x]kw.ak: dirêridhu, diapusi.
bancang: kn. ([x] loro, [x] têlu lsp) loro ut. têlung prakara arêp ditindakake (diarah) barêng; 2 (kala [x]) êngg. kala sing sindhêtane rangkêp; 3 êngg. tali dianggo mêpêti dalan; di-[x]: 1 êngg. ditalèni (dicêncang) dientukake barang loro ut. luwih; 2 (ut.di-[x]-i êngg) dicêncang (tmr. kewan). dialang-alangi supaya aja lunga; 3 êngg. dioyak.
bancar: kn. akèh lan bantêr wêtune (banyu susu lsp).
bancèr: êngg.kn. blancèr.
bancèt: kn. ar. kewan bngs, kodhok.
banci: I kn.ak. ora lanang ora wadon (wandu) II kn: ar. têtuwuhan godhonge kêna dikêla lan digawe tamba.
bancik: kn. dhingklik lsp. dianggo ancik-ancik (sanggan lsp); m-[x] êngg.kn: wis manjing ing badan (dhêmit marang prewangan).

bancot: ks. cangkêm.
banthak: êngg.pc. 1 ndhaplang sarta gêdhe (tmr.sungu); 2 sarwa gêdhe lan sêntosa (tmr. pawakan).
banthan: êngg.kn. pathon.
banthèng: kn. sapi alasan; bêbanthèng br: agul-agul, senapati.
(banthêng): m-[x] êngg.pc. gagah lan bagus.
banyak: kn. bngs. bèbèk gêdhe; m-[x]-i pc: klabakan, kèsusahan bangêt nganti bingung; (bê-) [x]-an br: gêgulungan (tmr. ombak).
banyak-angrêm: kn. 1 ar. lintang; 2 tumpêng ing jêro isi êndhog.
banyak-dhalang: kn. ar. upacara wadhah dipêtha banyak (êmas, slaka).
banyar: kn. ar. iwak loh.
banyu: n.toya k. barang cuwèr sing mêtu saka ing tuk lsp; nggarap [x]: kèl, pambêngan; tunggal [x]: tunggal ngèlmu (tunggal guru ngèlmu); [x] pinêrang pr: ngibaratake pasulayane sêdulur mêsthi enggal pulih; dom sumurup ing [x] pr: nyamar, arêp nyumurupi kanthi dhêdhêmitan; lêbak ilining [x] pr: karerehan kêrêp dianggo tiban (luputing lurah lsp. ditibakake sorsorane); ngangsu [x] ing kranjang pr: mêguru (njaluk wulang) nanging ora dipigunakake; ngubak-ubak [x] bêning pr: gawe rêrusuh; golèk [x] bêning pr: mêguru, mêdhukun; ora ana [x] mili mêndhuwur (munggah) pr: anak mêsthi niru wong tuwane; sing kêna iwake aja nganti buthêk banyune pr: sing disêdya bisaa kêlakon, nanging ora nganti gawe gêndra; caruk [x] pr: racakan (gêdhe cilik ala bêcik dirampêt padha bae); cur-curan [x] kêndhi pr: wani sumpah; bêbanyu pc: ngising; di-[x]: disiram (dilap lsp) ing banyu tmr. jago; m-[x] mili br: lumintu, têrusan bae; dibanyoni: ditêlêsi, diilèni banyu; lara banyunên: lara ngising; kc.banyon.
banyu gege: n. toya gege k. banyu dicampuri kêmbang sarta dmantrani dianggo ngêdusi bayi.
banyu-landa: n. toya landi k. ar. ombèn-ombèn saèm. limun nanging ora lêgi.
banyu-mas: kn. bênang mas (dianggo mbludir lsp).
banyu rasa: n. toya rasa k. ar. jasad asal wujude kaya jèr-jèran timbêl.
banyu tangi: kn.ak. banyu dicampuri wedang dianggo ngêdusi bocah.
banyu tawa: n. toya tawa k. banyu wantah (dudu banyu asin).
banyu tuli: kn. banyu sing dianggo sarat nênambani.
(banyuwara): m-[x] kn.ak. tapa nyirik banyu.
--- 30 ---
banyu windu ~ bangsa.
banyu windu: kn. banyu sing diwayokake.
(banyol): m-[x] kn. gawe lêlucon; [x]-an: lêlucon, badhutan.
banyon: kn. 1 landhaning tai-wêsi dianggo sisig; 2 wilangan ênggone mbanyu jago (kang diêdu).
bang: I mbang-wetan, mbang-kulon êngg.ak. ing (tanah Jawa) sisih wetan (kulon) II kn: wc.abang, up. wêsi bang: kc.bangbang. III di-[x] kn: disaguhi bakal diwènèhi dhuwit lsp. yèn bisa marèkake, nyêkêl

durjana lsp. IV (ut. kanyor bang) (W) kn: kantor dianggo nglakokake dhuwit (nyèlèngi, ngutangi lsp).
bangah: kn. kêmbang suwêg (walur).
bangal: êngg.kn.ak. pugal.
bangas: (A) kn.ak. tangining badan (besuk kiyamat).
bangawan: kn. kali gêdhe,kc. bêngawan.
bangba: êngg.kn. mawa (arêng)
bangbang: I kn. ar. ama pari;kc.bambang. II [x] wetan kn: wayah esuk nalikane ngarêpake srêngenge mlêthèk (langite katon sêmburat abang); nyêkêl [x] alum-aluming praja br: nguwasani praja (nanggung ala bêcike); [x]-an: jarit kang mawa warna abang (dudu sogan).
bangbêt, bangbu: êngg.k. pring.
bangèn: êngg.kn. tansah bêgja ut. olèhan (ênggone mancing lsp).
bangêr: kn. mambu ora enak (kayadene pacêrèn lsp).
bangêt: n. sangêt k. 1 saya rêkasa (tmr.lara); 2 êngg.sêru (tmr. swara); 3 êngg. kalawan têmên-têmên, kalawan mêmpêng; 4 (mbangêti êngg) kêluwih-luwih, up. bêcik-[x]-ake: 1 digawe supaya luwih bangêt; 2 diantêpake, diwuwuh-wuwuhi (tmr.pakabaran lsp); kê-[x]-ên: kêladuk bangêt.
bangga: kn. 1 ora nutut (nêdya nglawan lsp); 2 êngg.angèl (ditandangi, digarap, diwaca lsp).
banggal: kn. 1 bangka, atos bangêt (tmr. gorèngan, kulit abuh lsp); 2 êngg. tunggak wit têmbako (sawise dipêthiki); 3 êngg. balang; di-[x]-(-i) êngg: dibalangi nganggo watu lsp.
(banggèl): m-[x] kn. 1 nggabigake êndhase arêp nyakot (kaya upamane asu dicêkêli buntute); 2 gênti mbantah (mangsuli, madoni); di-[x]-ake ak: dibangkèlake;kc.bangkèl.
banggi: I êngg.k. baya II,IV. II êngg.k.ak: beya.III êngg.k: bangga.IV pintên [x] k: pirang bara.
bangi: êngg.kn. pakan (ing pancing).
(bangir): m-[x] kn. lancip nglingir (tmr. irung).
bangka: kn. 1 kaku lan atos; 2 ks.mati; 3 (ut.bangkan) êngg.atos (tmr. lêmah).
bangkak: kn. 1 bangka, atos bantat; 2 êngg.ar.amaning têtuwuhan.
bangkan: êngg.kn. atos (tmr. lêmah);kc.bangka.
bangkang: I kn. bngs.keyong kulite atos; m-[x]: ora manut (marang dhawuh) mbalela. II di-[x] êngg.kn: disêmbuh (dibathik lan disoga manèh, tmr. jarit sing wis lawas).
bangkar: êngg.kn. 1 rajakaya sing mati ora dibêlèh; 2 pagaweyan sing dilênthatake.
bangkat: êngg.kn.ak. kuwat; kê-[x] ak: kêduga nandangi.
bangke: kn. bathang (jisim sing ora karumat).
(bangkèk): m-[x] êngg. kn. cilik ing têngah.
bangkèkan: kn. (madya, pamêkak ki.ak). têngah-têngahing gêmbung (saburining wêtêng).
bangkèl: I êngg.kn. wong kang sênêng pêpadon. II m-[x] kn: 1 êngg. ngêpaki wade (kang arêp dikirimake); 2 ngêdolake dagangan

(lmr.wade); di-[x]-ake: dikayuhake (tmr. dagangan wade); -[x]an: 1 bêbakulan sarana mbangkèl; 2 barang sing dibangkèl; 3 bakul kang ngayuh wadening liyan.
bangkit: êngg.kn.ak. bisa.
bangkyak: êngg.kn. thèklèk, gapyak; kc.bakyak.
bangku: I êngg.kn. 1 wênang mèlu ndarbèni sawahing padesan; 2 sawah palungguh;kc.baku,bakon,bangkon.II kn: 1 êngg.bngs.dhingklik palinggihan; 2 meja (lmr. sing sikilane cêndhèk).
bangkokan: êngg.kn. 1 sing wis gêdhe lan tuwa (tmr.kêthèk, kodhok lsp); 2 ks.wis tuwa.
bangkol: (-an) kn. sindik (canthèlan) dianggo cangkolan (ing pikulan, lapak lsp).
bangkon: êngg.kn. wêwênang ndarbèni sawahing padesan; kc.baku, bakon, bangku.
bangkongan: êngg.kn. kodhok gêdhe.
bangkrah: kn. 1 bubrah, rusakan (dandanan kayu); 2 ks. lara bubrah (korèng, gudhig lsp).
(bangkrung): -m-[x] kn. gêgêre mlêngkung.
bangun: I 1 kw. tangi, gumregah; 2 (ut.gagat-bangun kn. bangun esuk ([x]enjing k)) kn. wayah esuk kira-kira jam 4-5. II m-[x] kn: 1 êngg.yasa, ngêdêgake omah lsp; 2 (ut.m-[x] anyar n. m-[x] enggal k) nganyarake manèh, ndandani; 3 ak. ngèmpêr-èmpêr, mangun; m-[x] ningkah; nganyarake paningkah (dianggo sarat supaya bisa duwe anak lsp); m-[x] tandha pr: ngiwahi prajanjian, malsu tèkên: m-[x] tapa br: nglakoni tapa; m-[x] turut: nurutan); m-[x] wêcana pr: nusuli gugat.
bangun-tulak: kn. kc. bango-tulak.
(bangus): dibêbangus kn. diajani ala, diojok-ojoki.
bangsa: kn. 1 jinising manungsa; 2 gêgolonganing manungsa kang tunggal jinis; 3 kang kalêbu gêgolongane (dening sipat wêwatêkane mèh padha), up. [x]-ning wit krambil; kabangsan: kang gêgayutan karo kaanan, watak lsp.tmr. marang bangsa.
--- 31 ---
bangsal ~ barêng
bangsal: kn. omah gêdhe (lmr.ing kraton).
bangsapatra: (S) kw. (godhong pring) ar. têmbang gêdhe.
bangsat: kn. wong ala (bajingan lsp).
bangsawan: (S) kw. darah luhur.
bangsi: (S) kw. suling.
bangsul: 1. êngg. k. bali; 2. êngg. k. bale (ambèn).
bau: KN. 1. lêngên; 2 (ut. bêbau) wong kang nandangi (nggarap); 3. êngg. wong kang mitulungi, pitulungan; 4. (utusan. bau desa) êngg. kuli ing desa; 5. êngg. lêlurahing dhukuh (kêbawah lurah desa); 6. ukuran jêmbar (± 7096.5 m2); dibaoni: ditandangi, dipitulungi nyambutgawe; kc. baon.
bau-danyang: kn. ar. balungan omah (kayu sanggan blandar lsp).
bau-dhêndha: (S) kw. (alêngên gada) kuwasa bangêt.

bau-kapine: (-kapini) kn. ewang-ewangên (ora adil).
baul: pc. wurung, ora dadi, bali (tmr. main, njêjaluk lsp).
bau-laweyan: kn. ciri lêkik ing singkap (poking bau).
baung: kn. 1. bruwang; 2. ar. iwak loh; m-[x]: jugug sêru.
baurêksa: kn. dhêmit sing jaga (manggon ing sawijining panggonan); m-[x]: manggon lan jaga (tmr. dhêmit).
bausastra: kn. layang ngêmot têgêsing têmbung-têmbung.
bau-suku: kn. 1. bêbau saka ing padesan kang nggarap sawah palungguh lsp; 2. (pagawean [x]) pagawean gugur gunung.
baut: I kn. wasis bangêt (gêgawean, ngarang lsp); ke-[x] êngg. pc: katut diêntèkake (tmr. dhuwit lsp). II (W) kn. piranti dianggo mutêr sêkrup lsp.
bauwedha: (S) kw.ak. sakèhing kawruh.
baon: (ut. bêbaon) kn. pirang-pirang bau, pangetunge nganggo bau.
bapa: kn. 1. wong atuwa (kang lanang); 2. ak. kanggo panyêluk marang wong kang kapêrnah tuwa; m-[x]: nyêbut (nganggêp) bapa; kêbapan ak: ngèmpêri wataking bapa; kc. bapak.
bapa-babu: kn. ak. 1. bapa-biyung; 2. kang mêngkoni.
bapa-biyung: kn. wong atuwa sakarone.
bapa paman: kn. sêdulure bapa (biyung) kang ênom.
bapak: kn. rama ki. bapa.
bapang: kn. 1. blabag njêpapang dipaku ing cagak (dianggo têtêngêr nuduhake dalan, katêrangan jênênging desa lsp); 2. ar. jogèt; m-[x]: njêpapang (tangane); suwêng [x] (-an): suwêng kang wangun njêbèbèh; layangan [x]-an: layangan kaya nganggo suwiwi.
bapêm: êngg. kn. bundêran kuningan lsp. nganggo ciri gambar krun (dianggo ing dhadha dening prabot desa lsp).
bapuh: I (ut. bapoh) êngg. kn. bakuh, pêngkuh. II (S) kw. ak: awak
bapra: (S) kw. ak. pagêr bata, regol.
baptis: kn. disiram (disilêmake) ing banyu minangka tanda pamartobat (tmr. agama Kristên).
bar: pc. bubar, lebar.
bara: I kn. bngs, sabuk nganggo gombyok; 2. ar. piranti misaya iwak; pêcruk tunggu [x] pr: dipasrahi kang dadi karêmane. II mbêbara kn: lunga mênyang ing liyan nêgara pêrlu golèk pangupa-jiwa. III kn: ak. satus yuta. IV (S) kw. ak: 1. abot, bobot; 2. wigati, pêrlu; [x] tan [x] br: kanggo sêsumbar atêgês: mangsa abota ora!; pira (ng) [x] n (pintên banggi k): dêstun malah ...
barah: kn. bngs. lara budhêg.
barak: I m-[x] kn. ak. nyolong raja-kaya; [x]-an: raja-kaya colongan. II [x]- [x] kn. ak: jèjèr lêlarikan; [x]-an: mèh padha umur-umurane. III (W) kn: omah tambêlan dianggo nyingkirake wong lara pès (ut. kang dikira lara pès); di-[x]: disingkirake mênyang ing barakan; [x]-an: omah (panggonan) dianggo nyingkirake wong lara pès.
baran: I êngg. kn. têgal (ara-ara) pangonan (duwèke wong akèh). II panas [x](-an) kn. ak: panastèn, nêpson.

barang: I kn. 1. apa-apa kang maujud; 2. gawan, momotan (ing sêpur lsp); 3 dandanan, piranti-piranti lsp; 4 (ut. sabarang) sakabèhe kang apa bae; 5. pc. dianggo ngantebake surasaning têmbung kang ngarêp, up. lah kok ndadak nulis barang!; ora barang-barang (barang-bèrèng) ptj: ora apa-apa. II. kn: 1. ar. dhasaring laras ing gamêlan; 2. ar. laras ing gamêlan pelog. III m-[x], mbêbarang kn: lunga mrana-mrana ngebarake kabisane (njogèd, nabuh gamêlan lsp); m-[x] amuk br: ngamuk; m-[x] gawe n. (m-[x] damêl k) êngg: duwe gawe (mantu lsp); mbêbarang wirang (wirang mbêbarang) br: nuduh-nuduhake kawirangane; [x]-an: tontonan lsp. kang mbarang.
barat: êngg. kn. angin gêdhe (tmr. ing mangsa rêndhêng); kc. baratan.
barata, pabaratan: kw. papêrangan.
baratan: êngg. kn. sawah darbèke wong akèh; 2 (mangsa [x]) mangsa rêndhêng; 3. (tali [x]) tali wuwungan (kaolèhake molo).
bar-ji: pc. babarji, babar-pisan.
barji, barci: kn. lubèrci.
(barèh): m-[x]-i êngg. kn. saya bangêt (tmr. lara).
barèhan: êngg. kn. barakan, pantaran.
barèk: êngg. kn. (ut. barekan) barêngan karo kambi; 2. (ut. m-[x]) sarwa cukat, sarwa bêcik (sandhang panganggone lsp).
barèng: êngg. kn. bêndhe.
barès: kn. 1. lugu (ora duwe sêdya ala); 2. pc. pêsaja, tanpa rêrênggan lsp.
barès-kurès: kn. lugu bangêt, pêsaja bangêt.
barèt: (W) êngg. bngs. kopyah.
barêbah: br. brêbah (kc. brubuh).
barêng: n. sarêng k. 1 [ut. barêng-barêng êngg (be-) barêngan] tunggal wêktu ênggone tumindak (mlaku, nandangi [nan...]
--- 32 ---
[...dangi] lsp); 2. ing nalikane, up. [x] wis kêtêmu karo sing duwe omah, aku banjur takon; 3. samangsa wis, up. lunga-lunga [x] arêp digêbug; 4. balik, dene yèn, up. aku mono isih lamban, [x] kowe rak wis brênggarowa; [x] sêdina: nunggal sêdina; di-[x]-i: 1. ditunggali (tmr. layang, nabuh gamêlan lsp); (bê-)barengan: 1. barêng; 2. kang barêng ênggone mlaku (madhayoh lsp).
(barêp) ~ basmi.
(barêp): mbarêp pc. pambarêp n. mbajêng pc. pambajêng k. kang dhisik dhewe (ênggone lair, ênggone saku tmr. main, mlayu tmr. balapan).
barêsih: br. brêsih.
bari, mbari: êngg. kambi, barêngan karo.
baribin: br. bribin.
(barih): m-[x]-i êngg. kn. saya bangêt (larane); kc. barèh.
barik:(-an) êngg. barêngan karo, kambi.
barinan: êngg. barêngan karo, kambi.
baring: êngg. pc. 1. edan; 2. bêjijagan (ora tata) kasar.

baris: I kn. 1. (ut. bêbarisan) tata lêlarikan (tmr. prajurit); 2. (pacak [x]) siyaga ing pêrang; 3 ajar pêrang (ulah gêgaman); 4. êngg. ulah raga; di-[x]-i: dijaga ing prajurit jèjèr-jèjèr (siyaga pêrang); [x]-an: 1. ak. prajurit kang padha pacak baris; 2. prajurit pribumi ing Madura; 3. êngg. ak. pulisi. II kn: wulu jago ing gulu ut. ing sacêdhake buntut. III êngg. kn. ak: buntêlan nganggo cêkêlan; di-[x]: dibuntêl nganggo sandhatan dadi kêna dicangking.
baris pêndhêm: kn. pacak baris dhêdhêmitan (ndhêlik).
barja: (S) kw. ak. wong wadon.
barkah: (A) kn. pandonga, pangèstu; kc. bêrkah.
barkas:(-an) êngg. ak. buntêlan, bêngkekan; kc. bêrkas.
barkat: (A) kn. pangèstu; kc. bêrkat.
barleyan: 1 (W) kn. intên sing disarawèdi bêcik bangêt; 2. kayu.
barlèn, barlin: kn. wêsi diputih kaya slaka.
baru: kn. 1 êngg. lagi mêntas; 2 êngg. wang (10 dhuwit); limalas [x] êngg: 1.25 rupiyah; taun [x]: taun anyar; di-[x] êngg: ditanduri liyane (saliyane pari, palawija).
barubah: kw. bingung lan kuwur atine;kc.brubah.
barud: kn. tatu marga kêgarit (kêgèsrèk).
baruna: jk. kulon.
barung: 1 kw. barêng (tmr.swara); 2 kn. saron (gêndèr, bonang) kang gêdhe; di-[x](-i) kn: 1 dibarêngi (tmr. swaraning gamêlan); 2 êngg.dikisruhi, dirigoni.
barus, mbarus:(-an) êngg. nuli, banjur.
barusan: êngg.kn. lagi bae, mêntas bae.
barut: (wêsi [x]) êngg.kn. wilahan wêsi tipis (dianggo ngêban kothak lsp); gamêlan [x] êngg: gamêlan wêsi; di-[x] êngg: digêdhong (tmr. bayi).
baro-baro: kn. jênang putih ditêngahi jênang abang sarta dicampuri gula krambil.
baron: kn. 1 êngg. tanduran anyar (tmr.kopi lsp); 2 (W) kn.sêsêbutaning pangeran (darah luhur ing Eropah).
barongan: kn. 1 oyod-oyodan lan êrèn ing dhapuraning pring; 2 tontonan awujud têtironing kewan galak (sing dadi wong dikrukup ing bagor lsp, nganggo topèng raining kewan).
baros: kn. ar. wit.
bartis: kn. ar. bakal klambi.
barwang: jk. bruwang.
bas: I êngg.kn. papah gêbang (dianggo tampar lsp).II (W) kn: lêlurah pangarêping wong nyambut gawe (tukang kayu, tukang batu lsp). III (ut.basa) êngg: mung.
basa: I (ut. mbasa, mbasan) êngg. barêng (ing nalikane,yèn, balik, dene yèn); ora [x] êngg.ak: ora ngêmungake iki; kc. barêng. II kn: 1 ak. têmbung (pangucap); 2 sarana ginawe mêdharake gagasan awujud kaklumpukane têmbung-têmbung, up. [x] Jawa, [x] Inggris; 3 unggah-ungguhing têmbung kang mratelakake ngajèni (krama), up. yèn gunêman karo aku, ora susah [x]; 4 êngg. nyêbut papêrnahane, up.

kowe karo aku [x] kakang; dibasani; diajak gunêman nganggo têmbung krama; di-basakake: 1 ak. dikramakake; 2 ditêmbungake nganggo paribasan (diupamakake kaya); bêbasan: têtêmbungan (ukara) kang ajêg panganggone, up. bêcik kêtitik ala kêtara.
basah: I kw. bosok (tmr. bangke).
basah: II kn.ak. sêsêbutaning senapati.
basahan: kn.ak. panganggo kaprabon (dododan, kulukan).
basakna, basaknea: pc. gèk kêpriye ênggonku arêp nêmbungake (mratelakake kagèt, nêpsu lsp).
basan: kn. 1 padha dene nganggo têmbung krama; 2 (ut.mbasan) êngg. barêng; kc. basa.
basanta: kw. 1 rêmbulan; 2 ar.têmbang gêdhe.
basang: êngg.pc. barêng (basa, mbasa, mbasan); di-[x] êngg: dipasang.
basar: (A) kn.ak. (paningal) maha-wikan.
bas-basan: kn. 1 bêbasan pagaweyan (garapan); 2 ar. dolanan bocah saèm, mul-mulan;kc.bas.
basêng: kn. bangêr bangêt (kyt. korèng).
basi: I kn.ak. 1 ngijolake dhuwit; 2 (ut.basèn) cowokan ing nalikane ngijolake dhuwit; dibasèni: diwènèhi cowokan. II (ut.bèsi) kn: bngs. pinggan nganggo kupingan sarta nganggo tutup.
basih: kc.bosah-basih.
basin: êngg.kn. bangêr.
basir: (A) kn.ak. waskitha; kc.basar.
baskara: (S) kw. srêngenge.
basma: (S) kw.ak. awu, kobong.
basmara: (kabasmaran) kw.ak. kêsêngsêm.
basmi: (S) kw.ak. kobong; kc. bêsmi
--- 33 ---
basmibuta ~ bawa
basmibuta: (S) kw.ak. kobong dadi awu (sirna).
basu: I di-[x](dibasuh) êngg. diwasuh. II (S) kw.ak: ar. golonganing satêngah dewa (cacahe wolu).
basundara, basundari: (S) kw.ak. bumi.
basuki: kw. slamêt, rahayu.
baswara: (S) kw. sumorot, gumêbyar.
bat: êngg. tilasing pagaweyan.
bata: n. banon k. 1 rimbagan lêmah sing wis diobong (dianggo gawe tembok lsp); 2 (ut.[x] bumi) ak. pagêr bata ing pakarangan; 3 êngg. dianggo wilangan apa-apa sing wangune pêsagi (uyah lsp);4 êngg. ak.ru (cêngkal); [x]-[x] diadu [x] pc: nyambut gawe wragade dijupuk saka olèh-olèhane; m-[x] sarimbag: wangun pêsagi-pêsagi (tmr.tulisan); mbata rubuh: bêbarêngan (surak, mantokake anak lsp).
(batak): pambatak kn.ak. pangarêp.
batal: (A) kn. ora kanggo (ênggone pasa, wulu lsp, marga nêrak wêwaton); di-[x]-ake ak: 1 dianggêp batal, ora dianggêp absah; 2 diwurungake (lmr.tmr.ningkahan).

batan: kn. wangune kaya bata.
(batang): di-[x] kn. 1 dijarwani têgêse (tmr.impèn); 2 dibêdhèk (tmr.cangkriman lsp); 3 dipêthèk; [x]-an: 1 bêdhèkan; 2 êngg.ar.lagu kêndhangan.
batèh: êngg.pc. batih.
(batêk): di-[x] kn. 1 êngg.ditarik, dicènèng; 2 êngg.ak: dipanthêng; 3 êngg. diêpêng bangêt (ênggone nênuwun lsp).
batên, mbatên: êngg.k. ora.
batih: kn. 1 brayat ut.wong-wong kang nunggal saomah sarta dadi têtanggungane; 2 pc.bojo; kê-[x]: klêbu dadi batih.
batihan: (bêbatihan) êngg.kn. 1 watês (ing pomahan); 2 adu watês karo.
batin: n. batos k. 1 sajroning ati, kb, lair; 2 êngg.ing sanyatane (têrus ing ati); di-[x] êngg: dianggit sajroning ati (ora dilairake); kabatinan: (kawruh, prakara lsp) kang gêgayutan karo batin.
bating: êngg.pc. babar-pisan.
batir: êngg.kn. 1 rewang, kanca; 2 rewang (batur).
batis: ps. baptis.
batu: (M) kn. watu, bata (lmr.tmr. gawe tembok); gula [x] n. gêndhis sela k: gula têbu kang pating pringkil; tukang [x] kn: tukang gawe tembok lsp.
batu: (-api) watu gêni (kang dianggo ing rèk gêretan).
batuk-kêring: (M) pc. lara watuk cêkèk (tbc).
batur: 1 (ut. bêbatur) kn. pinggiraning dhasaring omah (pêndhapa) kang luwih dhuwur tinimbang lêmah sarta kang digawe bata dilepa; 2 (ut.bêbatur) kn. bata lepan sangganing gêdhèg (yèn didêlêng saka ing jaba); 3 êngg.kn.kanca; 4 n. rencang k. rewang, wong kang mèlu wong liya (ngrewangi pagaweyan lsp); di-[x] ut.dibêbatur: ditrapi bêbatur.
batur tukon: n. rencang tumbasan k. batur sarana dituku.
batos: k. batin.
bacêg: êngg.kn. kunthing.
bacêk: kn. banyune ora bisa mili (tmr.sawah, palêmahan).
(bacêm): di-[x] kn. dikum ing uyah (gula lsp); [x]-an: kang wis dibacêm.
bacin: kn. ambu kang ora enak (kaya ambuning idu lsp); yèn ana amis[x]-e pc: yèn ana pakewuhe (kasusahane).
bacingah: bala [x] kw. bala campuran warna-warna.
bacira: (S) kw. plataran, alun-alun.
(bacuk, bacok): di-[x] kn. ditatoni (dicowèl lsp) nganggo arit lsp.
(bacut): m-[x] êngg.pc. mbanjur, têrus; di-[x]-ake pc: dibanjurake; kê-[x]: kêbanjur.
bacot: 1 êngg. irung; 2 ks.congor, cangkêm.
batha: (S) kw.ak. prajurit, bala.
bathamantri: (S) kw.ak. senapati.
bathang: kn. 1 bangke (lmr.tmr.kewan.ks.tm.manungsa); 2 ent. barang sing wis bubrah; [x] lêlaku pr: lêlungan ijèn; [x] ucap-ucap pr:

lêlungan mung wong loro; nyundhang [x] banthèng pr: ndadèkake priyayi wong gêdhe kang wis apês; m-[x]: nglangi mlumah.
bathara: kw. 1 sêsêbutaning dewa; 2 dewa; asoca [x] br: waskitha; binathara: kang kinurmatan (kang kaya dewa), lmr. kanggo sêsêbutaning ratu.
bathari: kw. dèwi.
bathèn: kn. luwihan saka pawitan (kulakan);kc.bathi.
(bathêthêt): kc.bêthêthêt.
bathi: kn. 1 payu luwih saka pawitan (kulakane); 2 (ut.bathèn,bêbathèn) luwihan saka pawitan (kulakan); di-[x]: dijupuk bathine, dikurangi saka samêsthine (diunthêt); dibathèni: diwènèhi bathi.
bathik:(-an) n. sêratan k. dudu cap-capan (tmr.jarit lsp); di-[x] n. dipun sêrat k: corak gêgambaran nganggo malam (bakal didadèkake jarit, ikêt lsp).
(bathil): di-[x](-i) kn.ak. dikêthoki cêndhak-cêndhak (tmr. rambut, suri, wulu).
(bathu):m-[x] êngg.kn.ak. kêmbul mangan tunggal ajang;kc.bathon.
bathuk: kn. palarapan ki: peranganing êndhas kang ngarêp.
bathok: kn. cangkoking krambil (sok dianggo siwur, takêran lsp); [x] bolu: bathok kang ana bolongane têlu (maune pênêr gantilan); [x] bolu isi madu pr: wong asor nanging sugih kaluwihan; têsmak[x](mata mlorok ora ndêdêlok) pc.ks: ora wêruh; m-[x] mêngkurêb: wangune kaya bathok dikurêbake.
bathon: (ut.bêbathon) kn. padha urunan dianggo pawitan (dagang ut. main).
bawa: (S) kw. 1 kaanan, sipat; 2 uni,swara; 3 êngg.kn.wiwit, miwiti; 4 (ut.bawa-swara) kn. têmbang kang dianggo mbukani gêndhing; [x] dhewe: madêg dhewe (ora kawêngku ing liyan); kacakra[x]pr: kêna ing panggrayangan ala; m-[x]: mbukani gêndhing (ut.sêmbahyang); bawane br: ing sarèhne (kadunungan
--- 34 ---
kaanan ut.watak); mbawani pc: nguwasani, mêngkoni.
bawah ~ bêkèr.
bawah: (-ing, kêbawah) kn. kalêbu ing wêwêngkone, dadi so-sorane; di-[x]-ake: dirèhake ing, diwêngku marang; ora kê-[x] ora kêprentah pr: ora dikuwasani babar-pisan.
bawahan: kn.ak. pista (duwe gawe mantu lsp).
bawak: kn. kayu awak-awaking wêsine pacul.
bawal: kn. ar.iwak loh.
bawa-laksana: (bawa-lêsana pc) kw. nêtêpi kang dadi ujare.
bawana: (S) kw. 1 omah, panggonan; 2 jagat;kc.buwana.
bawang: kn. bngs.brambang rupane putih; [x] kothong ut. pupuk[x] êngg.pc: mèlu dolanan (gobag lsp) nanging ora katut dadi.
bawa-rasa: kw. rêrêmbugan.
bawasir: (A) kn.ak. ar. lêlara jubur.
bawat: kn. payung lontar garane dawa (ing upacara).

bawera: kn.ak. jêmbar sarta padhang (ora sumpêk).
bawinipun: êngg.k. bawane;kc.bawa.
bawiswa: (S) kw.ak. enggal, rikat, banjur.
bawuk: kn. 1 warna sêmu biru ut.klawu rêgêd; 2 pc.pawadonan.
bawur: kn. 1 êngg.campur dadi siji (ora pilah-pilah); 2 oa cêtha tmr.pandêlêng; 3 ruwêt tmr.prakara lsp.
bawon: kn. 1 pari opahane ênggone buruh dêrêp; 2 wilanganing pari kang mêntas diênèni (± 8 agêm); di-[x]-i: 1 diwènèhi bawon; 2 ak.diunthêt, dikurangi.
be: I êngg.pc. 1 wurung; 2 bae (badhe). II kn:ar.taun kang kaping nêm (ing windu).
bebas: êngg.kn.ak. êntèk babar-pisan; [x]-an: 1 tanpa nganggo ingon (ut.wuwuhan apa-apa)tmr.wong mburuhake; 2 êngg.didol blas (ora kêna dituku manèh).
bèbèk: kn. ar. kewan iwèn bngs.enthog; payung (caping) [x]: payung (caping) sing digawe blarak, gêbang lsp; [x] diwuruki nglangi pr: wis bisa diwuruki; [x] mungsuh mliwis pr: pintêr padha pintêr mêmungsuhan.
bèbèl: (-bèbèl) pc. bola-bali anggone ngandhani (nuturi lsp).
(bèbèn): m-[x]-ni êngg.kn. ngijèni.
bèbèr: êngg.kn. 1 ak.digêlar; 2 ngebarake tontonane dianggo tawa (tmr.lèdhèk barangan lsp); di-[x] êngg: digêlar, dijèrèng.
bèbèt: kn. turun(-an).
(bèbrèk): m-[x] kn. mundhak amba (tmr.suwèk, tatu lsp).
(bèbrèl): m-[x] kn. 1 êngg.gampang rusake (ora kukuh); 2 êngg.umuk-umukan, nggêdobrol.
beda: I di-[x], dibêbeda kn. digawe mangkêl sarana dilêlèdhèk, dicêngèsi lsp. II kn: 1 gèsèh mungguh ing kaanane (blêgêre); 2 ora padha; 3 (ut.bedane) êngg.ananging yèn; [x]- [x]: ora padha (kaanane, wujude lsp); dibedakake: dipilah, digawe beda karo panunggalane.
bedang: (mbedang) pc. wc.lambe dandang, pinggirane nyêpèr.
bedru: êngg.ak. pradongdi, pasulayan.
beja: ut. mbejani êngg.k. ngandhani (awèh wêruh).
(bèjèg): di-[x] êngg.kn. digodha, dirigoni, diribêdi.
bèjèn: kn. ditrètès ing intên kabèh (tmr.suwêng, bênik lsp);kc.bèji.
bèji: I kn. blumbangan dianggo lêlangên, praon lsp. II kn: bngs.paku êndhase njêbèr (paku têrbang lsp).
bejog: kn. pincang marga sikile dawa cêndhak.
bejos: pc. bisa.
(bedhang): di-[x] kn. didhêmêni; [x]-an: 1 dhêmênan; 2 wong kang didhêmêni.
bèdhèngan, bèdhêngan: kn. gulan (punthukan) lêmah ing patêbon saantarane lobangan.
(bedhung): di-[x] êngg.ak. digodha, dibêbeda (sarta dirigoni).
bedhor: kn. landhêping panah.
bèg: I mak [x]. katranganing tiba lsp. II kn: panjaga sangarêping gul (tmr.bal-balan).

begal: kn. durjana kang ngadhang ing dêdalan; di-[x]: dirêbut barang darbèke dening begal; [x]-an: 1 babagan wong dibegal; 2 ent. sandhungan, alangan.
bègèn: êngg.pc. karêbèn, ya bèn.
(bêgod): m-[x] êngg.kn. wangkod (tmr. kewan), pugal.
bèh: kn.ak. gêgêntine 30 (dianggo petungan antarane 30-40, ekane diwancah) up. bèh-ji (31) bèh-ro (32) lsp.
bèhèl: êngg.pc. sugih bangêt.
bèi: kn. wc.ngabèi.
beya, prabeya: êngg.kn.ak. 1 wragad; 2 pajêg (barang ing palabuhan); di-beyani êngg.ak: diwragadi; pabeyan: papan dianggo mupu beya (ing palabuhan).
bèyèkan: êngg. kn. boyok.
bèyès: kn. anak yuyu.
beyo: kn. 1 menco ênom; 2 êngg. menco.
beyongan: kn. kuthuk cilik.
bèk: I êngg.pc. ya bèk, karêbèn. II êngg.pc: bibi. III êngg. kn: kêpala kampung. IV. (mbèk) pc: kambi (karo). V (mbèk) pc: darbèk (duwèk); sing mbèk êngg: sing nduwèni; di-[x]-i: dipèk, didarbèni; [x]- [x]-an: pilah-pilah padha ndarbèni dhewe-dhewe. VI bèke êngg: lagi bae, mêntas. VII bèke êngg: dêlêngên, dak-dêlênge. VIII êngg: 400 ru.
beka: êngg.kn. 1 ak. kangelan, rêribêd; 2 (ut. [x]-rêncana br) alangan, kasusahan; 3 (ut.m-[x], mbekani ak) rèwèl, mothah (tmr. bocah cilik).
bèkèl: kn. 1 mblêndhuk ing dhuwur (tmr.wêtêng); 2 iwak tagèh.
(bèkèr): m-[x] êngg.kn. ribut tumandang ing gawe (sarta kêrepotan), kakehan omong (kang tanpa tanja).
(bèkêr): (W) kn. 1 (jam[x]) jam nganggo klinthing (dianggo gugah-gugah); 2 bngs.
--- 35 ---
tuwung slaka lsp (dianggo ganjaran ing ulah raga lsp).
bèkne ~ bèrêm
bèkne: pc. 1 karêbèn; 2 êngg. ambakneya.
bèl: I (W) kn. klinthing (ing pamulangan lsp) II êngg.kn: wadung.
bela: kn. 1 ak. wong kang labuh mati; 2 mèlu nglabuhi sangsara ut.pati; 3 êngg.nunut têtak (sunat); dibelani: 1 diiloni ênggone sangsara lsp; 2 pc.diêmbani tmr.prakara; 3 êngg. dinunuti têtak (sunat).
belan: êngg.kn. karêm.
bela sungkawa: kw. mèlu susah (marga kêpatèn lsp).
bela tampa: kw. salah (kliru) tampa.
bèlèk: kn. ar. lara mata; jaka [x]: ar. lintang; [x]-ên: nandang lara bèlèk.
(bèlèng): m-[x] êngg.pc. ora gêlêm manut, ora bisa kalah, atos bangêt.
bèlès: êngg.kn. jèlès.
(belok): m-[x] êngg.kn. menggok.
belong: kn. bêlang ing pilingan.
(belot): m-[x] pc. angèl digugah (diatag).

bema: kw.ak. 1 beka, bêbaya; 2 nggêgirisi, mêmêdèni; tundha [x] pr: muwuh-muwuhi bêbaya (sangsara).
(bèmbrèng): di-[x] kn.ak. dijèrèng; m-[x]-ake ak: njalari susah.
bèn: I pc. karêbèn.II (mbèn) pc: besuk êmbèn.
bena, benah: êngg. beda, seje.
bèndi, bèndhi: kn. ar. kreta arodha loro.
bendra: êngg.kn.ak. bungah-bungah, ngênglêng (kedanan).
bendrang: kn. pêtis calo.
bendrong: kn. 1 kothèkan (gejog) dianggo têngara; 2 ar. gêndhing; 3 êngg.pc.ikalan bolah (nalika ngundha layangan); di-[x] (-i): 1 diwèhi têngara nganggo kothèkan (gejog); 2 ak. dibêdhili, dimriyêmi.
benjang: êngg.k. besuk; [x] enjang êngg.k: sesuk esuk.
benjing: k. besuk; [x] enjing k: sesuk-(-esuk).
benjo: kn. ora bundêr kêplêng.
benjoh, benjuh,benjis: ks. bisa.
bendha: kn. ar.woh dianggo jamu ut.dolanan bengkat.
bèndhêl: (-an) kn. tumpukan layang-layang kang pêrlu-pêrlu (kang disimpên); klêbu ing [x] (ut.kê-[x],di-[x])pc: dicirèni kalakuane.
bèndhêng: êngg. kn. tampar gêdhe; di-[x] êngg: 1 ditalèni nganggo bèndhêng; 2 disambung urube (tmr. listrik).
bèndhêr: êngg. kn. tukang njilid buku.
bèndhot: êngg. pc. lêmu kiyêng.
bene: êngg. lagi bae, mêntas.
bènèh: êngg. kn. 1 beda, seje; 2 anèh.
bèntèng: êngg.kn. 1 bètèng; 2 bêndungan.
bèntên: êngg. k. beda.
bènto: êngg. pc. cubluk, bodho.
bencak: êngg. kn. garu ora digèrèd ing sapi (kêbo).
bèncèng: kn. 1 pèncèng, ora padha lakune; 2 (ut. [x] karêp) ora padha karêpe, sulaya; 3 êngg.pc.ora cèplês.
bèncèng-cèwèng: kn. tansah sulaya panêmune, bingung.
bencok: kn. bngs. kodhok manggon ing wit-witan.
bènyèk: pc. mlênyok, tatu kang arêp dadi gudig; kc. bonyok.
bèng: êngg.pc. jêbèng.
bengas-bengos: kn. pating crengos irêng (tmr.rai).
bengat: kn.ak. piwulanging ngèlmu tuwa.
bèngès: kn. bngs. nopal dianggo ngabang lambe; di-[x]: diabang lambene; bêbengesan ent: lamis, lêlamisan.
benggol: kn. 1 dhuwit têmbaga ajine 2½ sèn; 2 lêlurahing kècu (begal).
bengkas: di-[x]. 1 kw. dirampungi, disirnakake; 2 êngg.kn.diselaki, ora diakoni.
bengkat: kn. ar.dolanan bocah nganggo bendha.
bèngkèk: kn. 1 êngg. lara pêgêl ing boyok (bangkèkan); 2 angèl diêdum (dibage, dipara), ora cèplês.
bèngkèl: I êngg.kn. lara wêtêng rasane atos. II êngg.kn: bingkil.
bèngkèng: êngg.kn. wangkod, wangkal.

bèngkok: êngg.kn. bengkong.
bengkong: kn. mbêngkêluk (tmr.têkên lsp,kb. bênêr).
(bengkot): m-[x] kn. mlengos nandhakake yèn êmoh.
(bengkrak): bêbengkrakan kn. sêsongaran, umuk-umukan, royal-royalan.
bengorên: kn. lambene lidhas marga kakehan ênjêt ênggone nginang.
bèngsèng: êngg.kn. bajingan, maling.
bèr: kn (wc. ambèr, luhur) sênêng wèwèh; di-[x]-i diwratani, dilêbi; 2 diwêwènèhi; di-[x]-ake: didum-dumake marang wong akèh.
berag: êngg.kn. 1 katon sênêng lan bungah; 2 ak. birai.
berak: êngg.ks. sêsukêr; m-[x] ks: bêbanyu.
berama: kw. endah, nêngsêmake;kc.birama.
berang: kn. bngs.bêndho gêdhe.
berat: di-[x] êngg.ak. diilangi, dirêsikakake;kc.birat.
berawa: (S) kw. 1 nggêgirisi, mêdèni; 2 gagah prakosa.
bèr-budi: kn. sênêng wèwèh, loma bangêt.
bèrji: kn. lobêrci.
(bere): kê-[x]- [x] êngg.pc. kêlantur-lantur.
(bèrèk): di-[x] êngg.kn. dibêlèh (tmr.kewan), diiris lan dibêdhah (tmr.nangka lsp).
bèrèng: I ora [x]- [x] (barang-bèrèng) pc. ora apa-apa; kc. barang. II kn: lêlaraning kulit wujud abang mlerah ing lêkêraning kulit; [x]-ên: nandhang lara bèrèng.
bèrès: êngg.pc. tata bêcik; di-[x]-i(-ake) pc: ditata kalawan bêcik.
bèrèt: I m-[x] êngg.pc. nyingkiri (nglungani) pagawean; [x]-an êngg: tambahan pamêtu (saliyane kang baku).II di-[x] êngg.pc: disenggol.
bèrêm: I êngg.kn.ak. biru ênom (tmr. wêdêlan).
--- 36 ---
II (W) êngg.kn: tanggul ing pinggir dalan.
bèri ~ bêbêtan
bèri: kn. 1 gong tanpa pêncu; 2 tembor, talam.
bering: kn. 1 miring nisih (tmr.prau, layangan lsp); 2 ks.kera; 3 pilih sih, ora adil; 4 ks.edan.
bèrlin: kn. kc.barlin.
bèrmad: êngg.kn. bakul ing sêgara.
berok: I kn. (wêdhus [x]) wêdhus gêdhe nganggo jenggot. II êngg.kn: papan gawe (ndandani) prau lsp. III êngg.kn: kantor (-pulisi); [x]-an êngg; meja panulisan (nganggo lêmarèn sarta slorogan). IV. [x]-an êngg.kn: tontonan barangan.
berongên: êngg.kn. bengorên.
besan: kn. wong tuwane anak mantu; [x]-an: padha dene njodhokake anake (kang siji urun lanang sijine urun wadon ut.kosok baline).
bèsèk: kn. ar.wadhah sing wujude saèm. tumbu nanging cilik sarta nganggo tutup.
bèsèng: êngg.kn. maling, begal; kc.bèngsèng.
bèsèr: kn. 1 kêrêp nguyuh; 2 kêrêp awoh; 3 tansah udan.

besuk: n. benjing k. 1 (ut.ing[x], [x]- [x]) ing têmbe buri; 2 mratelakakake wêktu (mangsa, dina, sasi lsp) kang bakal kêlakon, up. [x] Slasa, [x] Rêjêb, [x] apa ([x]kapan) n. benjing punapa k: pitakon nakokake wêktu (mangsa, dina lsp) kang bakal kêlakon.
besuk: (êm-)bèn n. benjing (êm-)bèn k. dina saburine sesuk.
besuk-besuk: (besuk iki) êngg.n.(benjing-enjing k). sesuk.
besuk manèh: n. benjing malih k. ing têmbe buri, ing sabanjure (ing wêktu kang bakal kêlakon).
bètamal: (A) kn. 1 ak.gêdhong raja-brana; 2 pc.bukti (barang kang dadi cihna tmr.prakaran); kc.butamal.
bèlèh: kn. pêpadon nanggulangi panêmu (prakarane); ngadu[x],m-[x]-ake: sakarone padha dikon nanggulangi panêmu (prakarane) ditimbang êndi kang bênêr.
bètèng: kn. 1 pagêr bata sêntosa ing sakubênge kraton lsp; 2 loji kumpêni sing diubêngi ing pagêr bata; di-[x]-i: didokoki bètèng.
bètêr: (W) kn. 1 karèt rangkêpane bal kompan kang jêro; 2 ar. inuman kêras (uga diarani pait).
beca-bècu: pc. muring-muring kambi bêngak-bêngok.
becah: êngg.k. bocah.
bècèk: kn. 1 blêthok, jêblog; 2 êngg.ar. jangan sing digawe iwak daging (dianggo slamêtan); di-[x] êngg.pc: dicacah-cacah, ditatoni, diprail-prail.
bècèr: (-an) kn. 1 dhuwit sêdhiyan dianggo blanja padinan; 2 ak. wragad-wragad mirunggan, pajêg mirunggan; m-[x] êngg: têtuku barang-barang kang dianggo mangan, blanja; dibêbècèr: diêcèh-êcèh ora tumanja (tmr.dhuwit).
(bècu): m-[x] êngg.pc. muring (mrêngut);kc.beca-bècu.
becok: êngg.kn. blêthok, jêblog;kc.bècèk.
becos: êngg.pc. bisa.
bèthèk: êngg.kn. bngs.tenggok ut. kranjang (dianggo mêmikul).
bèthèt: I kn. ar. manuk bngs. nori cilik. II di-[x]-i kn: dibêdhèl lan dijupuki jêroane (tmr. pitik, iwak loh lsp).
(bèthêm): m-[x] êngg.pc. mêcucu mingkêm (tmr. cangkêm).
(bèthêr): m-[x] êngg.pc. gêdhe mbêngkuk (tmr. irung).
(betho): m-[x] kn. gawe swara nganggo tangan loro ditangkêbake ing jêro nggronggong tumuli disêbul saka ing bolongan gathukaning jêmpol.
bethongan: êngg.kn. ar. klambi potongane mèmpêr takwa lan mèmpêr bêskap.
bewak: kn.ak. tangsi pajagan.
bèwèh: êngg.kn. jengkol sing wis dipêndhêm (rênyah, ora pati mambu).
(bèwèl): m-[x] êngg.pc. akèh bangêt (gudhige lsp).
(bèwès): m-[x] pc. 1 tansah ndlèwèr (mili); 2 ks. kêrêp manak; 3 akèh bangêt (utange, tumane).
bewok: pc. brewok.
bêbada: kn. mancal arêp lair (tmr. bayi ing wêtêngan);kc. bada.

bêbadra: êngg.kn. 1 wiwit bêbakal; 2 mbabad alas;kc.badra.
(bêbah): dipun-[x]-i k. dibubuhi;kc. bubuh.
(bêbak): di-[x] kn. ditutu ut. disosoh diilangi kulite (tmr. pari, kopi lsp).
(bêbana): m-[x] kw. ngasih-asih njêjaluk;kc.bana.
bêbandan: kn.ak. pasakitan (wong kang dibanda);kc.banda.
(bêbara): m-[x] kn. lunga mênyang ing liyan nêgara pêrlu golèk pangupa-jiwa;kc. bara.
bêbasan: kn. têtêmbungan kang ngêmu têgês pêpindhan.
bêbêd: kn. nyamping ki. jarit kang dianggo ing wong lanang; di-[x]-i: diênggoni bêbêd; [x]-an: nganggo bêbêd.
bêbêg: kn. 1 mambêg dening dibêndung lsp (tmr. ilining banyu); 2 (wêtênge [x]) ora lêga, krasa sêbah; 3 (atine [x]) kêbak ing kasusahan; di-[x]: 1 dibêndung; 2 disimpêni (tmr. dhuwit), dicandhêt (tmr. kêkarêpan); [x]-an êngg: bêndungan.
bêbêh: êngg.kn. aras-arasên tumandang ing gawe.
(bêbêk): di-[x] êngg. dibêbak.
bêbêl: ut. kêbêbêlên êngg.pc. 1 angèl ênggone mêtu (tmr. bêbanyu lsp); 2 ora gathekan.
(bêbêng): kê-[x].kn.ak. mati ana ing wêtêngan marga ora bisa lair.
bêbêra: kn. nggarap pêlêmahan sing wis bêra lan didadèkake sawah; bêbêran, bêran: palêmahan kang bêra; kc. bêra.
(bêbês): di-[x] êngg.kn. digolèki mênyang ing ngêndi-êndi;kc.blêbês.
bêbêtan: pc.k. bêbêktan (gawan).
--- 37 ---
bêblêk ~ bêdhil.
bêblêk: pc. 1 akèh bangêt wonge; 2 akèh bangêt (pagaweane); 3 akèh bangêt sarta ora payu (tmr. dagangan).
bêblês: kn.ak. amblês (mblêdhês).
bêbudèn: kn. wêwatakan;kc. budi.
bêbojoan: kn. jêjodhoan salaki-rabi;kc.bojo.
(bêbodho): di-[x] êngg(arêp) diapusi; kc. bodho.
bêbrêg, bêbrêk: kn. 1 kakehan pagawean, garapan lsp; 2 akèh bangêt sarta ora payu (tmr. dagangan).
(bêbrêt): m-[x] kn. mbêdhêl gampang suwèke (tmr. bakal lsp).
bêdadok: êngg.kn. bngs. tenggok gêdhe; m-[x] êngg.pc: ora urus.
bêdaringan: êngg.pc. pêdaringan.
(bêdêdêng): m-[x], [x]-an pc. 1 mundhak dawa lan atos; 2 ngêtog kakuwatan (kanthi mêmpêng).
bêdinan: n. bêdintênan k.pc. padinan.
bêdudan: kn. bumbungan nganggo cupak piranti nyêrèt.
(bêdudung): m-[x] pc. mêlar lan atos (tmr. wêtêng). warêg bangêt.
(bêdodok): m-[x] êngg.pc. dhêmên umuk-umukan.
(bêdodong): m-[x] pc. 1 mundhak gêdhe lan atos; 2 ks. mati.
bêdondi: pc. pêpadon; kc. pradondi.
bêdor: êngg.kn. 1 karêbèn; 2 ar. kêrtu cilik.
bêja: pc. bêgja.

bêjad: kn. rusak lan copot saka sêsambungane (tmr. tenggok lsp); di-[x]: dirusak sarana dicopoti kanthi pêksa;kc.bujad.
(bêjaji): m-[x] êngg.pc. pangaji (ana rêgane).
bêjagir: êngg.kn. anthèk, batur.
bêjan:(-bêjan) kn. (mung kari) adu bêgja;kc. bêgja.
bêjèr: kn. rèmbès matane.
bêjigur: êngg.kn. ampas wedang bubuk kopi.
(bêjud): m-[x] êngg.kn. nekad ora ngugu panêmune dhewe (ora manut padatan); 2 kurang ajar.
bêdad: kn. ucul copot saka sêsambungane ut. talènane (tmr. nam-naman, wêngku, gêlang lsp).
(bêdhadhag): m-[x] êngg.kn. gêdhe lan jêmbar (tmr. wêtêng, susu lsp).
bêdhag: (ut. m-[x]) kn. 1 êngg. ngoyak; 2 (ut.mbêbêdhag) mbêburu golèk kewan (lmr. kewan asikil papat); 3 (ut. mbêbêdhag) êngg. buruh nggarap sawah (maro pamêtu); 4 (ut. mbêdhag-buruh) êngg.k.bêburuh nyambut gawe (dadi anthèk); 5 êngg.k. mênang (tmr. ngabotohan); [x]-an: 1 kewan kang dibêdhag, bêburon; 2 burukan (olèh-olèhane mbêburu); 3 êngg. opahan, buruhan.
(bêdhagal): di-[x] kn. diroda-pêksa, diprusa.
bêdhag-pikat: kn. mbêburu buron alas lan golèk manuk.
bêdhah: kn. 1 jêbol (tmr. tembok, bêndungan lsp), suwèk jêbol (tmr. jarit, bal lsp); 2 dikalahake ing mungsuh (tmr. bètèng, nêgara, kraton); di-[x]: 1 dijêbol, disuwèk lan dijêbol; 2 dikalahake (tmr. nêgara lsp); 3 (ut. dibêbêdhah) êngg. diwluku kang sapisanan; 4 (ut. di-[x]-i) diguntingi arêp digawe klambi lsp (tmr. bakal); [x]-an: 1 jêbolan; 2 wanguning potongan klambi lsp; 3 êngg. ilèn-ilèn banyu mênyang ing sawah.
bêdhah-bumi: kn. dhuwit minangka opahan gawe kluwat (ing kuburan).
bêdhaya: kn. 1 êngg. tlèdhèk; 2 bngs. srimpi ing kraton.
(bêdhal): m-[x]kn. 1 mbêrot ucul saka ing cancangan (kandhang); 2 êngg. lunga misah karo kanca-kancane.
bêdhama: kw. 1 êngg. gêgaman; 2 bngs. wadung; 3 êngg. sêmayan ut. wis rêmbugan ing sadurunge.
bêdhami, bêdhamèn: kn. 1 sêmayan ut. wis rêmbugan ing sadurunge; 2 prajangjian mari mêmungsuhan (pêrang).
(bêdhandho): m-[x] kn.ak. gojag-gajêg pamikire; mbêdhandhoni: (njalari) gojag-gajêg kaya sida kaya ora.
bêdhat: kn. kc. bêdhad.
bêdhati: êngg.kn. pêdhati.
bêdhawang: kw. bulus.
bêdhawangan: êngg.kn.ak. têtironing gêndruwo (ing arak-arakan lsp).
(bêdhe): di-[x] êngg.pc. dibadhe;kc. bêdhèk.
(bêdhèdhèh): m-[x] pc. katon gêdhe mbêdhadhag (tmr. wêtêng sing diêlèr).
bêdhega: êngg.kn. rewang (wong tani, juru misaya iwak).
(bêdhèk): di-[x] êngg. pc. dibadhe; [x]-an êngg: pêthèkan, cangkriman.

(bêdhèl): di-[x] kn. 1 disuwèk (diiris, dibêdhah lsp) dijupuk isine; 2 diopêrasi; 3 dikêdhuki digawe kalenan (tmr. palêmahan), dibêdhah banjur diilèkake (tmr. kali lsp); 4 êngg. dibabadi arêp digawe desa lsp.
bêdhès: êngg.kn. 1 kêthèk; 2 pc. sabawa mratelakake gumun.
(bêdhêdhêg): m-[x] kn. 1 krasa sêbah marga mangsuk angin lsp (tmr. wêtêng); 2 êngg. mêdhuk ngantarani yèn arêp mambu (tmr.sêga); 3 (atine [x]) mangkêl bangêt; 4 bungah bangêt sarta mongkog (dening diurmati lsp).
(bêdhêl): m-[x] kn. ora wulêd (tmr. tali, tênunan, kulit).
bêdhêngul, bêdhêngus: êngg.pc. dumadakan mêncungul (ngaton).
(bêdhidhêt): ora m-[x] pc. ora enggal lêmu-lêmu (tmr. têtuwuhan).
(bêdhidhig): m-[x] pc. umuk bangêt (êmoh nyambut gawe kasar lsp).
bêdhidhing: (mangsa [x]) kn. mangsa adhêm (lmr. kêtiga ing wayah bêngi).
(bêdhigal): m-[x] pc. ugal-ugalan.
bêdhigasan: kn. sarwa kêsusu sarta gasgasan matane pêndirangan.
bêdhiyang: kn. gêni ut. urub-urub dianggo api-api ut. nggusah lêmud.
bêdhil: n. sênjata k. ar. gêgaman awujud wêsi wuluhan nganggo popor diisèni obat mimis ut. patrum); di-[x]: dilêpasi mimis (gotri) sarana bêdhil.
--- 38 ---
bêdhil-angin n. sênjata-angin k: bêdhil kang tanpa obat.
bêdhudhak ~ (bêkêm).
bêdhudhak: kn. ar. ula mandi; m-[x] ak: 1 ora ana paedahe; 2. ora pêrdulèn, ora gêlêm mingsêt saka papane, kêsèd nggêglawat.
(bêdhudhug): m-[x] kn. katon gêdhe (mlêmbung) marga kakehan isi.
bêdhug: kn. 1. ar. têtabuhan wujude saèm. têtêg gêdhe (tmr. dianggo têngara sêmbahyang ing mêsjid); 2 (ut. [x] awan) wayah jam 12 awan; [x] bêngi ([x] dawa êngg): wayah jam 12 bêngi; [x] têlu: esuk jam satêngah papat; sa-[x]: 1 gêdhene padha karo bêdhug; 2. wiwit esuk têkan jam 12 awan; pasa m-[x]: pasa mung têkan jam 12 awan.
bêdhugul: kn. ak. ora nyandhang kalawan pantês, ora kêrisan.
bêdhungul: mak [x] pc. dumadakan ngaton.
bêdho:. êngg. kn. wurung, baul; dibêdhokake: diwurungake.
(bêdhodhok): m-[x] kn. 1. njêgrag mêkrok (tmr. wuluning manuk); 2. mêlar mundhak gêdhe ut. mlêmbung); 2. mêlar mundhak gêdhe ut. mlêmbung (tmr. wiji diêkum ut. digodhog).
(bêdhog): di-[x] kn. 1. dicolong sarana dicêkêl nalikane sêsaba (tmr. pitik bèbèk lsp); 2. pc. têrus diajak lunga lsp. ing nalikane kêtêmu (kêpêthuk).
bêdhog: êngg. kn. bngs. wadung; di-[x] êngg: didhungkari tmr. tunggak lsp.
bêdhogol: êngg. kn. tunggak kang sêmi, thikilan; [x]-an êngg. ks: anak, turun.
(bêdhol): di-[x] kn. 1. dicopot saka ing tancêban ut. saka ing lêmah (tmr. wit); 2. diusung digawa (tmr. sanak-sêdulur); 3. ditarik munggah (tmr. jangkaring prau).

bêdhol jangkar: kn. mangkat lêlayaran.
bêdhol gêndera: br. mangkat nglurug (tmr. prajurit).
bêga: êngg. kn. groyok (gunêmane).
(bêgadad, bêgadag): m-[x] êngg. kn. nyolong raja-kaya (kang diêngon).
bêgajagan: kn. ak. ala bangêt kalakuane (tmr. wong wadon).
(bêgagah): m-[x] kn. ngadêg sikile njênggar.
bêgandring:(-an) êngg. kn. kumpulan, srasehan, rêrêmbugan.
bêganjok: kn. ak. ar. dhapuring omah kaya mêsjid; m-[x] pc: ora lumrahing akèh, nganèh-anèhi (tmr. bêbudèn).
bêgar: kw. bungah, sênêng; kc. bigar.
bêgawan: kn. kc. bagawan.
bêgja: kn. 1(ut. kabêgjan) lêlakon kang marêmake ati, kb. cilaka; 2. olèh kabêgjan, dumunung ing kaanan bêgja; bêgjane: bêgja dene.
bêgja-kêmayangan: br. bêgja (kêbênêran bangêt).
bêgjan: (-bêgjan) kn. (mung kari) adu bêgja.
(bêgègèh): m-[x] kn. rada mbêgagah.
(bêgènggèng): m-[x] kn. 1. wis wiwit waras; 2. pc. rada katon sugih (kêcukupan), rada sigrak.
bêgèr: kn. bigar, bungah bangêt.
bêgêblug: pc. ungsum lêlara; kc. pagêblug.
(bêgêdud): m-[x] pc. wangkod (ora manut ing ujar) kc. brêgêdud.
(bêgêgêg): m-[x] kn. (ngadêg, linggih) jêjêg sarta mênêng bae.
(bêgigih): m-[x] kn. 1. pc. mbêgagah ciyut; 2 suthik tumandang (êmoh mèlu).
bêgita-bêgitu: êngg. pc. tandang lan polatane kasar dening muring.
bêglêdhug: kn. swaraning gunung gêni.
(bêgudul): di-[x] êngg. kn. dipoyoki, dicêngèsi.
(bêguguk): m-[x] (-ngutha waton) br. ora nggugu prentah, mbangkang.
bêgupon: kn. kandhang dara.
bêgog: êngg. kn. 1. cèlèng; 2. benggol (2½ sèn); 3. wong bodho; m-[x] pc: linggih mênêng bae.
(begogok): m-[x] kn. linggih ora lunga-lunga sarta ora obah-obah.
bêgok: kn. ar. manuk.
bêgondhal: kn. 1. ak. batur kang pagaweane ngêtutake (nuntun) jaran (kang ditunggangi); 2. pc. batur.
bêk: mak [x] pc. sanalika tiba.
bêkah: êngg. kn. bêtah, takad.
bêkah-bêkuh: kn. tansah mbêkuh (sêsambat).
bêkakak: kn. ak. kewan, wong lsp. sing dianggo sajèn; di-[x] êngg: dipanggang wutuhan (tmr. pitik lsp).
bêkakas: êngg. kn. 1. piranti-piranti, gêgaman (kang dianggo nyambut gawe); 2. perangan rêricikaning mêsin, jam lsp); 3. bêbakal kang arêp dianggo gawe omah lsp; 4. abrag, piranti praboting omah-omah.
bêkakrah: pating [x], m-[x] kn. pating blengkrah ora tata.

bêkakrakan: kn. 1 nywara pêtok-pêtok karo mrana-mrene (tmr. pitik kang arêp ngêndhog); 2. pc. bingung mrana-mrene nggêgolèki.
bêkamal: êngg. kn. (êndhog) asinan.
bêkaur: kn. ak. tukang nggarap buku dagang.
(bêkapak): m-[x] êngg. ak. kau, wagu, srogal-srogol.
bêkasakan: pc. dhêmit ing alas.
bêkasêm: êngg. kn. (êndhog, iwak) asinan.
bêkatul: kn. ak. glêpung glabating bêras.
bêkacêm: êngg. kn. (êndhog, iwak) asinan.
bêk-bêkan: pc. niba tangi (marga lara bangêt lsp).
(bêkèkèng, bêkèngkèng): di-[x] kn. 1. dicêkêli tangane (sikile swiwine) sarta dipênthang; 2. dicêkêl dilêbokake kunjara.
bêkèn: êngg. pc. misuwur.
(bêkèr): m-[x] kn. nywara sêru (tmr. jaran, kêthèk).
(bêkès): m-[x] kn. nywara sêntak (tmr. kucing); kc. bêkis.
(bêkècèk): m-[x] pc. sugih omong.
bêkêl: kn. 1. (ut. [x] desa) ak. wong kang ngurus sawah palêmahane lurah patuh; 2. ar. pangkat andhahane lurah; 3. êngg. sêsêbutaning lurah desa; 4. êngg. sêsêbutane lurahing padhukuhan.
(bêkêm): di-[x] êngg. pc. digêgêm rapêt.
--- 39 ---
bêkênêng ~ bêluk.
bêkênêng: pating [x], [x]-an êngg. kn. padha pêpadon, udur.
(bêkêngkêng): m-[x] pc. 1. kaku ora kêna diêluk (gêndewa lsp); 2. wangkod, nggugu karêpe dhewe.
(bêkêcêk): m-[x] kn. 1. nywara krênyês-krênyês tmr. gorengan; 2. sugih omong.
(bêkik): m-[x] kn. nywara sêru ngêgèt (marga nêpsu, kagèt lsp).
bêkikuk: kn. pitik turunane bêkisar karo pitik lumrah; m-[x](-i) êngg: wiwit bisa gunêman (tmr. bocah, menco), isih rada pelo, wiwit bisa kluruk (tmr. jago).
bêkingking: kn. ar. keyong cilik; m-[x] pc: kuru bangêt.
(bêkis): m-[x] kn. nywara sêntak (nelakakake ora sênêng, muring).
bêkisar: kn. pitik turunane ayam alas karo pitik lumrah.
bêkita-bêkitu, bêkituan: êngg. kn. tandang lan polatane kasar dening muring.
(bêkicik): m-[x] kn. 1. nywara krênyês-krênyês tmr. lênga sing arêp dianggo nggêgorèng; 2. êngg. sugih padu; 3. êngg. nggadhung (tmr. main).
bêkicot: kn. bngs. keyong cilik sok manggon ing wit-witan.
(bêkiwit): m-[x] kn. ora barès (nakal, nggadhung ênggone main).
(bêkuh): m-[x] kn. ngêsah sêsambat.
(bêkuk): di-[x] kn. 1. ditêkuk dibêngkêlukake; 2. ditêkuk gulune; 3. pc. dicêkêl tmr. durjana lsp; di-[x]-i pc: diapusi (srana diakali).
(bêkunung): m-[x] êngg. pc. nggugu karêpe dhewe, wangkod.
bêkungkung: kn. pasangan macan (saèm. kurungan lawangane pêsatan).

(bêkur): m-[x] kn. muni wok-ketêkur (tmr. dara, dêruk lsp).
(bêkus): m-[x] pc. mbêkis.
(bêkusuk): m-[x] pc. katon irêng kusi ut. rêgêd bangêt.
(bêkok): m-[x] êngg. kn. 1. ala wujude (tmr. sapu lsp); 2. ora aji, ala bangêt.
bêkong: êngg. ak. 1. bêruk; 2. takêran (bêras, lenga lsp).
(bêkos): m-[x] kn. 1. nywara saèm, mbêkès nanging luwih sêru (tmr. sapi, ula lsp); 2. êngg. mbêkuh.
bêksa: ki(êngg. k). njogèd.
bêksan: kn. jogedan (saèm, wirèng).
(bêkta): k. gawa.
bêkti: kn. 1. (ut. pangabêkti, sêmbah-bêkti) br. pakurmatan (ing layang kiriman); 2. (ut. bêktèn) pawèwèh (dhuwit) katur marang lurah patuh ut. marang kang duwe palêmahan ing nalikane didadèkake bêkêl ut. nalikane ngulur prajanjiane; 3. sungkêm bangêt (marang bojone lsp); 4. êngg. pawèwèh marang lurah lsp. ing nalikane babad alas, mbêburu lsp.
bêktya: br. bêkti.
bêl: mak, [x] kn. sanalika murub (mubal, wrata tmr. ambu kang ora enak).
bêlah: I 1 kw. sigar; 2 kn. dianggo wilangan atêgês saparone atusan (ewon lsp), up. karo [x] (150), têlu [x] (250), kapat [x] (350), karo [x] èwu (1500), têlu [x] èwu (2500); 3. ukuran kèhing pari (½ gèdèng); di-[x] kw: disigar; di-[x]-i: dibêntèli sabêlah-bêlah. II. ut. bêlahan, pambêlah êngg. kn: juru misaya iwak ing sêgara.
bêlah-bantên: kn. ar. wanguning klambi (tmr. wong lanang).
bêlah-ina: br. pawadonan.
bêlah-kêdhaton: kn. ak. untune ngarêp (kang dhuwur) rênggang.
bêlak: (-ên) kn. lara padha mblêgak dlamakane.
bêlang: kn. 1. dlêmok (blêntong) putih ing kulit; 2. blêntong putih ing ulêsing kewan.
bêlang-buntal: (-buntèl, -buntang êngg) kn. ora tunggal warna (tmr. ulês lsp).
bêlas: pat-[x], nêm-[x] n. kawan-wêlas, nêmbêlas k. 14, 16.
bêlèh: I êngg. 1. ora; 2. seje, dudu; [x] iya pc: andak iya. II ut. bêlèhan, bêbêlèhan êngg. kn: manak. III di-[x] êngg. pc: disêmbêlèh, dipragat.
bêleyan, bêliyan: êngg. kn. manak.
bêlèk: êngg. ks. (wong-)wadon; di-[x] êngg dibêdhèl (dibêdhah) sêthithik. diiris sigar sêthithik.
(bêlèr): m-[x] kn. nggarit nganti nganakake tatu cilik.
bêlêk: kn. kêbak bangêt, akèh bangêt (wonge, pagaweane).
bêlêman, blêman: êngg. kn. bêdhiyang.
(bêlêr): m-[x] kn. 1. tansah klithihan ngglidhig bangêt (tmr. bocah); 2. êngg. mlincur, nglirwakake kawajiban (nyaur utang lsp); 3. tansah saba ing omah lan ngribêdi (tmr. pitik lsp).
bêlêt: I êngg. 1. kn. blêthok; 2 k. nila; 3. bêlo. II ke-[x] kn: sêlak arêp (nguyuh ut. bêbanyu).

bêli, bêlih: êngg. ora; kc. bêlèh.
bêlik: I kn. sêndhang cilik, tuk ing pinggir kali lsp. II ut. m-[x]-i kn: wis wiwit arêp ungsum (wowohan).
bêling: kn. 1. (dandanan kang asal saka) kaca, porsêlin; 2. pêcahan kaca (porsêlin lsp); m-[x]: 1 pc. angèl èlik-èlikane; 2. êngg. nekad mbangkang prentah.
bêlis: kn. setan.
bêlit: kn. ar. mainan nganggo kêrtu cilik; m-[x]: 1 ak. mbulêt, mulêt; 2. mlincur (ora tumandang ing gawe yèn ora ditunggoni ing mandhore lsp); 3. angèl tagih-tagihane (yèn utang).
bêluk: I êngg. kn. kêbul kukus (pêdhut). II. kn. ar. ama pari (bngs. ulêr). III ut. kokok-bêluk kn: ar. manuk bngs. guwêg; [x] ananjak pr: nggugu sasênênge dhewe. IV di-[x] êngg. kn: 1. diundang; 2. di V
--- 40 ---
m-[x] êngg. kn: 1. menggok, mingêr; 2. bali.
bêlung ~ bêncèt.
bêlung: êngg. kn. jêmbêg, banyune ngêndhong (tmr. sawah, palêmahan).
bêlo: kn. anak jaran; [x] mèlu seton p: mung mela-mèlu bae.
bêlok: I êngg. kn. 1. jêblog, jêmbêg rêgêd; 2. jembêr, pating blêntong rêgêd (tmr. dluwang lsp). II ut. [x]-an kn: kayu tangkêban ing têngah ana cluwokane dianggo njêpit sikil (supaya ora minggat); di-[x]: 1. ditrapi bêlok sikile; 2. dikunjara; [x]-an ak: kunjara.
bêlong: êngg. kn. (sawah) ngêndhong banyune; kc. balong.
bêlor: kn. têsmak (kang mawa warna).
bêm: kn. ar. larasing gamêlan (ut. kêndhang).
(bêmbêng): m-[x] kn. gêdhe gilig sarta wagu (wanguning sikil gajah, bangkekan lsp).
(bên): dipun-[x] k. didu, diêdu.
bêna: k. banjir.
(bênah): di-[x](-i) êngg. kn. dikukudi (tmr. dagangan).
(bênak): di-[x]-ake kn. ditata dibênêrake kaya sakawit.
bênampeyan: êngg. k. kowe; kc. sampeyan.
bênang: 1 kn. bolah; 2. k. ak. lawe.
bênang-kêlos: kn. bolah plintiran (wêton ngamanca).
bênang-mas: kn. saèm. kawat sing digawe êmas.
benangpeyan: êngg. k. kowe; kc. sampeyan.
bênawi: k. bêngawan.
bêndana: I kn saradan ut. watak ala (tmr. jaran). II (S) kw. ak: 1. tali, tampar, srimpêd; 2. pakewuh.
bêndara: 1. kw. wong kang dingèngèri, kb. batur; 2. kn. sêsêbutaning para darahing ratu sing isih luhur.
bêndera: kn gêndera.
bêndu: kw. dêduka, nêpsu.
(bêndung): di-[x] kn. dipepêti iline, ditambaki; [x]-an: 1. lêmah, watu lsp. kang dianggo mbêndung; 2. kali (banyu) kang dibêndung.
(bênjêt): di-[x] êngg. kn. djêmbèng, dicènèng ngiwa nêngên.

bênji: êngg. kn. ringkih bangêt, krasa aras-arasên.
bênjit: êngg. kn. gênjik.
bênjut: kn. mênyonyo ing êndhas (marga diantêm lsp).
bêndha: kn. ar. wit bngs. kluwih.
bêndhalungan: êngg. kn. gunêman kang ora bênêr ênggone ngêtrapake unggah-ungguh.
bêndhe: kn. ar. têtabuhan saèm. gong nanging cilik.
bêndhega: êngg. kn kanca barêngan lêlayaran, punggawa prau.
(bêndheyot): m-[x], [x]-an kn. kabotan gêgawan (gendhongan).
bêndhèk: êngg. kn. ngucapake têmbung Jawa kang swarane å diucapake miring.
bêndhèl: êngg. kn. juwèh sarta sênêng padu (tmr. wong wadon).
(bêndhèng): di-[x] êngg. kn. dijèrèng lan ditarik ngiwa nengên, dicènèng ngiwa nêngên.
(bêndhèt): di-[x] êngg. kn. diwêngakake sarana dibênggang.
bêndhêl:(-an) kn. bèndhêl, bèndhêlan.
bêndhuk: êngg. kn. cèlèng.
(bêndhul): m-[x] êngg. pc. nonong gêdhe; bêbêndhul bathara: jêjênggul.
bêndho: I kn. bngs. arit gêdhe; di-[x]: dibacok ing bêndho; ora m-[x] pc: ora usah kelangan dhuwit. II. êngg. kn: bêdho.
bêndhoyot: kn. ak. sanak-sêdulur, brayat.
(bêndhok): di-[x] êngg. kn. dibalang (ing watu).
(bêndhol): m-[x] kn. 1. mblêndhuk bundêr ing pucuke; 2. êngg. pc. gumêdhe, umuk; [x]-an êngg. kn: (pêndhok) gayaman.
bêndhosa: kn. kc. bandhosa.
bênèt: kn. lêmari cilik cêndhèk.
(bênêm): di-[x] kn. dibakar dilêbokake ing gêni blubukan.
bênêr: n. lêrês k. 1. êngg. lêncêng; 2. pênêr trêp ing; 3. ora salah, ora kliru, ora luput; 4. ora mèncèng (tmr. ênêr); 4. ak. têmênan (tmr. sêdulur); 5. mula pancèn nyata; (sa-)[x]-e: 1 sanyatane; 2. miturut adile; 3. pancène; m-[x] êngg.: têrus lêncêng; m-[x]-i: 1. br. nindakake prakara kang bênêr; 2. ngadili; 3. lagi pinuju; bêbênêran: 1. ak. pangadilan; 2. pêpancasaning pangadilan; ke-[x](-an): 1. kapinujon; 2. wis bênêr (ora salah).
bênik: kn. kancinging klambi lsp.
bêning: kn. ora buthêk (tmr. banyu lsp) ora mrêngut (tmr. polatan), ora kênthêl (tmr. wedang tèh lsp).
bêntayangan: kn. 1. ngolang-ngaling marga lara (susah); 2. pc. lunga mênyang ing êndi-êndi kanthi rêkasa (golèk butuh lsp).
bêntar: kw. ak. mlêkah, nêla, sigar.
bêntèl: kn. untingan pari kang mêntas didhaut, jagung lsp.
bêntèn: êngg. kn. sabuk.
bêntèr: êngg. kn. 1. kn. ak: padhang, pêntèr; 2. k. panas; [x]-an êngg. k: panas; [x]-an êngg. k: wedang.
bêntêt: kn. 1. trêp ora kurang (tmr. lawean, losinan lsp); 2. kêbak bangêt.

bêntil: êngg. kn. bêntèl; tani [x] pc: tani wutun (yutan).
bênting: êngg. kn. sabuk angkin; di-[x]-i; disabuki nganggo bênting.
bêntis: êngg. kn. pace.
bêntul: êngg. kn. bngs. kimpul.
(bêntur): di-[x]-(-i) kn. dibalangi ing watu; m-[x] tapa kw: nggêntur tapa.
(bêntus): m-[x] kn. natab ut. numbuk (sing kêna ing bathuke); ke-[x]: kêtatab ing.
(bêntoyong): m-[x] kn. akèh lan abot gêgawane.
bêntrokan: êngg. pc. tumbukan, kêrêngan.
bêncah: I kw. 1. nêla, mlêkah; 2. mluwèk (tmr. tatu); 3. ak. mati. II di-[x] êngg. kn: dibatang, dibadhe.
bênce: kn. gêmak lanang.
(bêncelung, bêncilung): di-[x] êngg. kn. diapusi.
bêncèt: I kn. ak. bngs. jam nganggo ancêr lakuning ayang-ayangan srêngenge. II di-[x] kn: dilawan ing nalikane kêtêmu padha ijèn ut. nalikane kêpêncil.
--- 41 ---
bêncêng ~ bêra.
bêncêng: kn. kaku, kêjêng (tmr. athik-athikan, sikil lsp).
bênci:êngg kn sêngit bangêt.
bêncirih: kn gampang kêna ing lêlara (tmr. wêtêng lsp).
bêncung: êngg. kn bocah jêmaka.
bêncuritan: êngg. kn lêlaranên, ora subur tuwuhe.
(bêncolèng): m-[x], [x]-an pc ugal-ugalan.
bênthak: I êngg. kn ngênthak-ênthak tanpa wit-witan kang gêdhe. II. kn. ak: èthèng nganggo watang, adu sungu.
(bênthang): m-[x] êngg. kn nrabas, nyidat.
bênthèng: êngg. kn sabuk, bênting.
bênthèt: kn rêngat, nggalêr, ngatarani arêp pêcah.
bênthêr: êngg. kn ar. iwak loh.
bênthik: êngg. kn 1. gathuk sarta nywara thik (tmr. bala pêcah lsp); 2. ar. dolanan.
bênthuk: ut. [x]-an, ke-[x] pc kebêntus, tumbukan.
bênthong: êngg. kn 1. pênthung dianggo dolanan bênhik (kanggo nuthuk lan mbuwang janak); 2. gêdhe; 3. benggol (2 sen); di-[x] êngg: dibêngkolang.
bênyènyèhên: kn tatu dadi gudhig ngêmu banyu.
bênyinyih: pating [x] kn kêbak gudhig lsp.
bênyunyak-bênyunyuk, bênyunyukan: pc ora nganggo tatakrama (tmr. solah tingkah, gunêman).
(bêngah): m-[x] kn nywara sêru (tmr. sapi).
bêngak-bêngok: kn tansah nywara sêru; kc. bêngkok.
bêngang: kn lara wadon (sipilis).
(bêngangah, bêngangang, bêngèngèng): m-[x] pc katon sumringah abang polatane.

(bêngèk): m-[x] êngg. pc mbêngok; di-bêbêngèk êngg. pc. dibêbeda (supaya nangis).
bêngèn: êngg biyèn.
bêngèn-bêngènan: n. dalon-dalonan k: ing wayah bêngi; kc. bêngi.
bêngèr-bêngèr: kn. cêngèr-cêngèr (bayi nangis).
bêngêl: êngg. kn. pilêg lan ngêlu.
bêngêng: êngg. kn. ora sigrak.
(bêngêngêng): m-[x] kn. nywara ngêngêng kc. brêngêngêng.
bêngêp: kn. katon kêpu (tmr. rai).
bênggang kn. mawa rênggangan (bolongan); di-[x]: dibiyak (dipisah) supaya bênggang.
(bênggèl, bênggol): m-[x] êngg. pc mbêndhol.
bêngi: n. dalu k. wayah antarane sore karo esuk.
bêngiyèn: êngg. kn. biyèn.
(bêngingèh): m-[x] kn. nywara sêru (tmr. jaran).
bêngis: kn. sêrêng sarta sumêngit (tmr. polatan lsp), ambêksiya bangêt.
bêngiwèn kw. biyèn.
bêngka kn. krasa atos (tmr. wêtêng).
bêngkah: kn sigar mblêgak (tmr. tembok, gunung lsp).
(bêngkayang): m-[x] êngg. kn atos (kaku) bangêt.
bêngkak: I kn 1. buntêlan lan talenan dhus, rèk lsp; 2. untingan barang sing cêndhak-cêndhak; di-[x]-i: dibuntêl lan ditalèni. II êngg. kn: abuh. III m-[x] êngg. ak: nywara sêru ngêgèt; [x]-an êngg: nabuh gêndèr digêmbyang.
bêngkalahi: êngg. kw kêrêngan, pêpadon.
bêngkêk: êngg. kn untingan; kc. bêngkak.
bêngkêlêng: sadina [x] pc sadina muput.
(bêngkêluk): m-[x] kn nêkuk ut bengkong pucuke; di-[x] (-ake): ditêkuk dibêngkukake.
bêngkêng: I pc 1. kaku, kêjêng; 2. wangkod, cukêng. II. êngg. kn: bngs. wuwu.
bêngkêr: êngg. kn blêngkêr.
bêngkêrêngan: êngg. kn kêrêngan, pêpadon.
(bêngkêrok): m-[x] kn pating pruntus lan rêgêd (tmr. kulit).
bêngkêt: êngg. kn untingan; kc. bêngkak, bêngkêk.
(bêngkiyêng): m-[x] kn 1. kêncêng (tmr. pawakan); 2. cilik nanging atos akiyêng (tmr. pawakan).
bêngkuk: kn wungkuk, bengkok mlêngkung.
bêngkung: I kn sabuk dawa diubêdake ing wêtêng lan bokong (tmr. wong mêntas duwe anak); di-[x]-i: disabuki ing bêngkung. II. ut. m-[x] kn: bengkong mbêngkêluk (tmr. gêgaman); di-[x]-ake: dibêngkêlukake.
bêngkoyok: (-ên) kn lara kulit saèm, gudhig êmplèk-êmplèkan.
bêngkok: kn sawah (têgal) pêpancèn marang lurah desa ut. prabot desa (minangka bayare).
(bêngkolang): di-[x] kn. ak dibalang ing kayu lsp.

(bêngkong): m-[x] êngg. kn mogok, êmoh nyambut gawe.
bêngkowang: êngg. kn bêsusu.
bêngkrèhan: êngg. kn cêcongkrahan, tukaran.
bêngkrik: êngg. pc pasulayan, congkrah.
bêngkring: kn kuru lêlaranên.
bêngle: kn ar. êmpon-êmpon dianggo tamba (jamu).
bênguk: kn bngs. kara.
(bêngung): m-[x] kn nywara ngungung (sêndarèn lsp).
bêngus-bêngus: pc putih rêgêd, pucêt rêgêd.
(bêngok): [x]- [x] kn nywara sêru jêlih-jêlih; m-[x] nywara sêru (ngundang, njaluk tulung lsp).
bêngong: êngg. kn mlongo, katon plonga-plongo.
bêr: mak, pc katêranganing mbuwang, nguncalake.
bêra: I kn ora ditanduri lan ora digarap (tmr. sawah, têgal); bêbêra: nggarap lan nanduri sawah (têgal) kang bêra; dibêrakake: diênêngake bae (ora ditanduri lan ora digarap); (bê-)bêran: palêmahan kang bêra.
--- 42 ---
II êngg.kn: mbêrah, akèh bangêt.
bêrah ~ bêsalèn
bêrah: I k buruh. II m-[x] êngg.kn. akèh bangêt.
bêrak: I êngg.kn buthuk (tmr. iwak). II kn. barakan (omah patirahane wong lara pès).
bêrak-bêrèk, bêrak-bêrok: êngg.kn bêngak-bêngok.
bêran, bêbêran: kn 1 lêmah kang bêra; 2 êngg. sawah darbèke wong siji-siji; kc. bêra.
bêras: n. wos k 1 pari kang wis ditutu; 2 kang wis dioncèki (tmr. jagung, kopi lsp); dudu [x]-e ditêmpurake pr: ngudhoni rêmbug kang nyulayani.
bêras-kêncur: n. wos-kêncur k: parêm kang digawe bêras karo kêncur.
bêras-kuning: kn bêras dikunir (dianggo sarat ngluwari ujar lsp).
bêras-mêlik: n. wos-mêlik k kn.ak: lara njêbêbêg wêtênge (marga mangan sêga magêl).
bêras-sêtêngah: êngg: sêtêngah matêng, bodho.
bêrat: (M) pc abot, rêkasa; [x] sêbêlah ([x] sêtêngah) pc: bot sih, pilih sih (ora adil).
(bêrbah): dipun [x] êngg.k dibrubuh.
bêrdangga: kw.ak gamêlan.
bêrduwin: kn.ak anggur kêras.
bêrdondi: êngg.kn pasulayan;kc.pradongdi.
bêrèd: kn rêsikan, bêsus bangêt.
bêrèk: I êngg.kn ora kedadean tuwuhe (tmr. tanduran). II [x]- [x] êngg.kn: bêngok-bêngok.
(bêrêg): di-[x] êngg.kn 1 diburu, dikuya-kuya (tmr. bêburon alas); 2 digusah; 3 diwêtokake saka ing kandhang arêp diêngon (tmr.raja-kaya).
bêrêk: êngg.kn buthuk wiwit bosok (tmr. iwak).
bêrêm: êngg.kn mêmbut ing jêrone (tmr.wowohan sing ditibakake).

bêrgada: kn golonganing prajurit.
(bêrgadag): m-[x] kn abang sêmu kuning (tmr. rambut, godhong lsp).
bêrgajagan, bêrgèjègan: êngg.kn nyak-nyakan kurang ajar.
(bêrgagah): m-[x] pc 1 mbêgagah; 2 nyanggêmi.
(bêrgandang): di-[x] pc diglandhang, diuja bae.
(bêrganjok): m-[x] êngg.pc ngewuhake (tmr.bêbudèn).
bêrgas: ut. m-[x] kn 1 katon sigrak; 2 katon bêcik.
bêrgasi, bêgasi: (W) kn 1 barang momotan (ing sêpur); 2 kantoran dianggo nampani barang momotan; 3 sêpur momotan barang.
(bêrgègèh): m-[x] pc rada mbêgagah.
(bêrgènggèng): m-[x] pc mbêgènggèng.
(bêrgigih): m-[x] pc 1 rada njangkah sêthithik; 2 ora pati rahab (ênggone tumandang).
(bêrgundung): m-[x] kn nekad nggugu karêpe dhewe.
(bêrgodog): di-[x] kn dipijêti lan diurut (tmr.awak).
(bêrgogok): m-[x] pc mbêgogok.
bêri: I kn.ak manuk garudha. II m-[x] êngg.pc: mbuwang kêrtu (tmr.main kêrtu lima).
(bêrik): m-[x] 1 (ut. [x]-an) tarung adu sungu (tmr.sapi, kêbo lsp); 2 êngg. ngoyak ngêtutake (mungsuh kang kêplayu).
bêring: êngg.kn 1 ambu kaya ambuning jengkol; 2 (jangkrik [x]) bngs. jangkrik kang bisa mabur.
bêrit: kn ar. tikus.
bêritan, buritan: êngg.kn kêbon.
bêrkah: kn pangèstu, pandonga;kc. barkah.
bêrkakas: êngg.pc: bêkakas.
bêrkas: (-an). êngg.kn untingan, bêngkakan.
(bêrkasak): m-[x] êngg.kn tumindak sarwa kasar kaya wong alasan; [x]-an: dhêmit kang dêdunung ing alas-alas.
bêrkat: kn 1 sêga salawuhane kang diwènèhake marang wong-wong kang padha mèlu slamêtan; 2 êngg.ak bêrkah; di-[x]: digawa mulih (tmr. bêrkat); [x]-an: 1 sêga salawuhane ênggone mbêrkat; 2 êngg.ak.sêkti (tmr. pusaka lsp).
(bêrkèngkèng): di-[x] pc dibêkèngkèng.
bêrkutut: pc pêrkutut.
(bêrkongkong): m-[x] êngg.kn linggih mbêgogok.
(bêrngangang, bêrngèngèng): m-[x] pc mbêngangang, mbêngèngèng.
bêrud: kn barud; kê-[x]: kêbarud.
(bêruh): mbêruh êngg.pc êmbuh ora wêruh.
bêruk: kn bathok diêlongi kira-kira sapratêlone (dianggo takêran bêras, wadhah banyu lsp).
(bêrung): m-[x] kn nekad ora nggugu dielikake.
(bêrod): m-[x] kn kumudu oncat (ucul), êmoh digondhèli.
bêrsat:, pating [x] kw padha pisah pating slêbar.
bêrsero: pc: bandan sêparo edhang.
(bêrsêlo): m-[x] pc wangkod, nggugu karêpe dhewe.
bêrsih: (M) pc: rêsik; di-[x]-i êngg: dirêsiki.

bêrsihan: kn wadhah prabot pirantining macak (wêdhak, pupur, lênga wangi lsp).
bêrsih-desa: n. bêrsih-dhusun k karamean lan slamêtan ing padesa sabên taun (lmr. gêgayutan karo kramatan lsp. ing desa ut. mbênêri dina adêging desa).
(bêrsot): m-[x] kn têrus ora pêrduli.
bêrcak: kn rada burik nanging ora jêro-jêro.
bêrci: I kn ar. bakal alus sêmu sumrawang (dianggo kuluk); kuluk bêrcèn: kuluk sing digawe bêrci. II kn: lobêrci.
bêrcuh, bêrcoh: êngg.kn 1 brancuh (campur ora karuan); 2 saru (tmr. gunêman).
bês: kn bis.
bêsa: pc ngjogêd;kc. bêksa.
bêsaja: êngg.ak pasaja.
bêsalèn: kn papaning pandhe nyambutgawe.
--- 43 ---
bêsan ~ bêcus.
bêsan: pc bêksan.
bêsaos: êngg.k bae.
bêsar: I kn ar. sasi Jawa kang karolas. II (M) êngg.kn: gêdhe;kc. tuwan bêsar.
bêsaran: I kn ar. wit sarta woh. II kn: 1 (ut.kêbêsaran) omah ut. kantore tuwan bêsar ing kabudidayan; 2 êngg. riyaya ing sasi Bêsar.
bêsasih, bêsasik:, pating [x] pating blengkrah ora tata.
(bêsat): m-[x] kn 1 oncat (mêncolot) rikat; 2 mêsat.
(bêseyol): m-[x] pc nyulayani.
(bêseyos): êngg.k.ak mung.
bêselat, bêsilat: êngg.kn 1 pêncak, tangkis-tangkisan tangan; 2 (ut. [x]-an[x]) pc.ngubêd-ubêdake gunêm.
bêsèn: kn ar. sukêt.
(bêsèr): m-[x] kn mbêlèr; kê-[x]: kêbêlèr.
bêsero: kn bandhan sêparo edhang.
(bêsèt): di-[x](-i) kn 1 disèsèti (kulite, godhonge lsp); 2 dibêdholi sukête (tmr. têgal têbu).
bêsêl: ut. bêbêsêl kn dhuwit rêruba (marang sêksi, panggêdhe lsp); di-[x](-i): diwènèhi bêsêl.
bêsêm: I kn katon alum ora sêgêr (tmr.kêmbang, woh, rai). II dipun-[x] (-i) êngg.k: diobong.
bêsêngèk: kn ar. jangan.
(bêsêngut): m-[x] kn mrêngut (dening ora sênêng lsp).
bêsi: I kn basi.II tukang [x] kn: pandhe.
bêsiyar: (Prt)kn.ak mlaku-mlaku (nunggang jaran) ngenggar-enggar ati.
(bêsik): di-[x](-i) kn dirêsiki sarana dibubuti sukête, didhangir lsp. (tmr.pakarangan, tanduran lsp).
bêsilat: kn bêselat.
(bêsisik): m-[x] kn kasap pating jlêprik (tmr. kulit).

(bêsiwit): m-[x] êngg.pc nakal, urik (ênggone main, dolanan).
bêskal: (W) kn.ak ar. pangkat kapradatan.
bêskap, bêskat: kn ar. klambi wangune saèm. klambi jas cêkak.
(bêskup): di-[x] kn.ak disiwêr barang darbèke (marga utang, kalah prakaran lsp).
(bêskuwèl): di-[x] kn.ak dikirimi layang budhêg.
bêskuwit: kn ar. roti.
beskot: êngg.kn êmpingan bayaran.
(bêslah): di-[x] kn disiwêr barang darbèke, dirampas barang darbèke (up.bêdhil pêtêng lsp).
bêslit: (W) pc layang piagêm (têtêpan pangkat lsp).
(bêsmi): dipun-[x] k diobong.
bêsuk: êngg.kn palêmahan kêsasaban ing wêdhi ut. krikil saka ing gunung gêni.
bêsung: êngg.pc êmoh.
(bêsur): m-[x] kn mung nggugu karêpe dhewe (ora miturut pitutur, pêpacuh lsp).
bêsus: kn 1 sarwa rêsik lan bêcik (tmr. sandhangan, omah lsp); 2 sênêng macak (ngrêngga awak lsp).
bêsusu: kn ar. pala kêpêndhêm.
(bêsut): di-[x] kn 1 diêlus lan dilêmêsake nganggo lading (tmr. klobot lsp); 2 dislêtika; 3 ent. diowahi lan dibêcikake (tmr. crita, karangan, lsp).
bêsuwêl: kn (mak [x]) pc. sanalika ditêkuk disêsêlake; 2 êngg.pc. bêsêl; di-[x]-ake pc: ditêkuk (dilêmpit) mung diuntêl-untêl bae.
bêsole: kn ar. wit.
bêsona-bêsono, mbêsono: êngg.pc ora ngêrti tatakrama.
(bêsot): di-[x] kn dirêsiki sarana diluluh (disêmprot ing gêni) tmr. logam.
bêsprit: (W) kn congat ing canthiking prau.
(bêsta): dipun-[x] êngg.k: dibanda.
bêstèl: (W) kn 1 pc. têtuku barang dikon nêkakake ing omahe; 2 (ut. bêstèlan) barang kang dikirimake ing sêpur ut. pos; di-[x]-ake pc: dikirimake.
bêstik: (W) kn ar. lêlawuhan (iwak daging).
bêstu: kn.ak wis dipêsthèkake (ditêtêpake), kêlakon têmênan; di-[x] ak: ditêtêpake ing sadurunge.
bêstul, bêstol: kn. ak pistul.
(bêsturu): kabêsturon kn.ak lena, ora prayitna.
bêstru: kn ar. wit sarta woh.
bêstrong: kn.ak bngs. mriyêm cilik; [x]-an: amba (tmr. lêngênan klambi).
bêt: kn 1 katranganing nyawat lsp; 2 (mak[x]) êntèk sanalika.
(bêta): m-[x] pc.k nggawa.
bêtah: I kn 1 kuwat nganti suwe (tmr. mlaku, ngêlih, ngêlak, mêlèk lsp), bisa tahan (lara lsp); 2 êngg. krasan, jênak; 3 pc. ora lèrèn-lèrèn

(tmr. udan); di-[x]- [x]-ake: dikuwat-kuwatake; pira [x]-an pc: apa bakal kuwat. II êngg.k; butuh.
bêtamal: pc bukti, cihna;kc. butamal.
bêtatung: kn bngs. sèt rupane irêng.
bêtèk: êngg.kn tilas, tipak; bêtèke êngg. pc: awit saka.
bêtutu: kn ingkung pitik sing wis dilolosi balunge.
bêtuwah: kn.ak pusaka, barang kang dipêpundhi (marga dianggêp duwe kasêktèn).
bêton: I kn isi nangka (kluwih). II (W) kn: carubaning sêmèn karo krikil (dianggo omah gêdhong lsp).
bêcècèr:, pating [x] kn padha kècèr (mawut), ora tumanja.
bêcik: n. sae k 1 ora ana cacade; 2 utama (tmr.bêbudèn, kalakuan); 3 ora ana owahe, slamêt; 4 ora pasulayan (tmr. bêbojoan, mêmitran); 5 endah (bagus, ayu); 6 asri, nyênêngake (tmr.pasawangan); 7 kukuh (tmr. gêgawean); 8 (ut. [x]-e) prayogane; [x]-e êngg: bêgja dene; bêbêcike: kang bêcik dhewe; dibêbêcik, di-[x]-i: 1 digawe bêcik; 2 dirêngkuh kalawan bêcik.
bêcici: kn bngs. gêdhang alasan.
bêcicing: kn woh gadhung kang ana ing dhuwur.
bêcus: êngg.pc bisa.
--- 44 ---
bêcokak ~ bikin.
bêcokak, bêcokakan: êngg.kn ugal-ugalan.
bêthak: 1 êngg.kn. nggodhog; 2 k. adang, ngliwêt.
bêthara, bêthari: pc bathara-bathari.
(bêthat): m-[x] kn.ak mbêdhal dadakan pisah saka ing panunggalane; [x]-an: ora ana udan sawêtara dina ing sajroning mangsa rêndhêng (ut. ngarêpake mangsa kêtiga).
bêthèk: kn pagêr pring (ing pakarangan lsp); di-[x](-i) ak: diukum diwirangake sarana dikurung ing bêthèk (supaya ditonton wong akèh).
bêthêk: êngg 1 kn. olah-olah, nggodhog; 2 k.adang, ngliwêt.
(bêthêng): kêbêthêngên êngg.kn kandhêg lakune dening udan.
(bêthêthêt): m-[x] pc kêncêng bangêt (ênggone nalèni), pêtêng bangêt (tmr. mêndhung), rapêt bangêt (ênggone ngurung); sawêngi m-[x] êngg. pc: sawêngi natas.
bêthik: kn ar. iwak loh.
bêthithing: kn cilik mêrit (tmr. bangkekan).
(bêthithit): m-[x] kn sarwa singsêt (ênggone ikêt-ikêtan, sabukan lsp), wis macak (dandan).
(bêthu):m-[x] kn bundêr gêmblêb (tmr. rai).
(bêthur): m-[x] êngg.kn ora gêlêm tumandang ing gawe (tmr. wong wadon).
bêthut: kn.ak cantholan dianggo nggarap kapuk.
(bêthuthut, bêthothot): m-[x] kn katon pêtêng (ulate).
bêthok: kn ar. iwak loh.
(bêthot): di-[x] kn ditarik sêru supaya uwal (pêdhot).

(bêwah): dipun-[x] êngg.k dibuwuh.
bi: êngg.pc 1 êmbok; 2 êmbok-cilik; kc.bibi.
bibal: êngg.kn dhidhal, thèthèl (tmr. kulit lsp).
bibar: k bubar.
bibas: êngg.pc êntèk;kc. bebas.
bibèk: êngg.pc êmbok-cilik;kc. bibi.
bibi: kn 1 êngg.ak. êmbok-cilik; 2 êngg.ak. kanggo panyêbut marang wong wadon sing isih ênom; 3 êmbok (panyêbute anak marang êmbokne, kang dadi sêliring priyayi luhur).
bibir: kw.ak: lambe.
bibis: kn. ar. kewan saèm. coro saba ing banyu.
bibisan kn. ar. têtuwuhan.
bibit: kn. 1 (ut. [x]-an) turunan (tmr. têtuwuhan, kewan); 2 wiji ut. thikilan kang arêp ditandur (ditangkar-tangkarake); 3 kewan (iwak lsp) kang arêp ditangkar-tangkarake; 4 (ut. [x]-an) êngg. babon êndhog-endhogan; 5 (ut. [x]-kawit) kang dadi mula-buka.
biblak: pc bêsèt, mlècèt (tmr. kulit).
bibliotik: (W) kn. pabukon (paklumpukane buku-buku).
bibrah: k. bubrah.
(bibrik): m-[x] êngg.pc. nglanjak pakarangan (palêmahaning) liyan saka sêthithik.
bidêngah, bidngah: (A) kn.ak. pêpenginan ala.
bijaksana: kw.ak. wicaksana.
bijang kw.ak. dhadha, pundhak.
biji kn. angka mratelakake ajining kapintêran (ing pamulangan, èksamênan); di-[x], dibijèni: diajèni nganggo angka.
(bijig) di-[x] kn. disodhok ing êndhas (sungu); [x]-an: gudag-gudagan.
bijil kn. rusak ut. mlêthis mêndêlo (tmr. mata lmr. kang sasisih).
bidhag: kn. wong-wongan ing dolanan catur.
bidhal: k: budhal.
bidhar: êngg.kn. ar. prau cilik (sing digawe dêlêging kayu).
(bidhung): di-[x] êngg.kn.ak. digodha, dirusuhi;kc.bedhung.
bidhur: kn. ar. lêlara kulit bintul-bintul gatêl; [x]-ên: nandhang lara bidhur.
bidho: kn. ar. manuk bngs. wulung.
bigar: kn. lincak-lincak sênêng-sênêng (bungah-bungah).
bihal: (A) kn.ak. anak jaran karo kuldi.
biya: (S) kw.ak. wêdi.
biya-biya: êngg.pc. wadhuh-wadhuh ! (gumun bangêt).
biyada: 1 êngg.kn. bocah wadon kang rewang wong duwe gawe; 2 kw. batur wadon ing kraton.
biyah: kn. iyah, iyak ! (nandhakake ora sênêng).
biyaya: êngg.pc. wragad.
(biyayah): m-[x] êngg.pc. pating blengkrah, ora karuan.
biyayak: pating [x], [x]-an êngg.kn. yabyaban, ora tata.
(biyak): di-[x] êngg.kn. dibukak tutupe (jarite, klambune lsp);kc. piyak, wiyak.

biyantu: êngg.kn. mupakat lan gêlêm têtulung; di-[x], dibiyantoni êngg: dirujuki lan ditulungi (direwangi).
biyang: kn. 1 êngg. biyung (êmbok); 2 êngg. kanggo sêbutane wong wadon kang asor; 3 (ut.biyung) sabawa mratelakake gumun, maido; 4 (ut. [x]- [x], biyung-biyung) pc. sabawa mratelakake wêlas lsp; biyangne (-bayi, -thole, -gêndhuk) êngg.ak: panyêluk marang bojone dhewe.
biyas: kn. pucêt dadakan (marga kagèt, isin).
biyasa: êngg.kn. 1 wis manuh (nindakake); 2 lumrah; biyasane êngg: adate, lumrahe.
biyèk: I êngg.pc. biyèn. II êngg.kn: jêmèk.
biyèn: n. rumiyin k. wêktu kang wis kêpungkur suwe;kb.besuk.
biyèt: êngg.pc. karcis lêngganan (sêpur).
(biyêt): m-[x] kn. akèh bangêt (wohe).
biyuh, biyuk: êngg.pc. wadhuh biyung ! (mratelakake gumun).
biyung: kn. 1 êngg.êmbok; 2 êngg.ak. sêbutan marang wong wadon kang asor; 3 pc. sabawa nelakake gumun, lara, wêlas lsp.
biyungên: êngg.kn. tansah kangên marang êmbokne (tmr. bocah cilik).
biyolah: kn. bngs. rêbab (mungsik).
biyoskup: (W) kn. gambar sorot.
bikak: k: bukak.
bikal: (-bikal) êngg.pc. pating jrentol gatêl (tmr. kulit).
bikang: kn. ar. panganan.
bikin: êngg.pc. gawe; di-[x] pc: dipaeka.
--- 45 ---
bikir ~ bismillah.
bikir: êngg.kn. gangsingan bathok.
biku: (S) kw.ak. pêndhita tapa;kc. wiku.
biku-biku: kn. pating jlêprik.
bikut: kn. ribut sêngkut tumandang.
biksu, biksuka: (S) ke.ak. pêndhita ngêmis; cs. 7.
bilahi, bilai: kn. cilaka, tiwas; mbilaèni: njalari cilaka (tiwas);kc. blai.
bilas: kn. 1 mindhoni adus (wisuh) nganggo banyu kang rêsik; 2 ak. wis êmoh gêpokan; di-[x]-i: dikumbah (didusi, diwasuh lsp) mênèh nganggo banyu kang rêsik.
(bilêr): m-[x] êngg.ks. turu.
bilih: k. 1 êngg. yèn, mênawa; 2 br.yèn.
bilik: êngg.kw. sênthong; [x]- [x] kw: pêpanthan gêgolongan.
bilis: êngg.kn. garuk.
(biluk): m-[x] êngg.kn. 1 ak. menggok; 2 bali.
bilulung: pating [x], [x]-an kn. (padha) lunga mênyang êndi-êndi ora karuwan jujuge (marga bingung lsp).
bilur: (-bilur) kn. tatu pinggêt nggalêr (marga disabêti lsp).
bilo: kn. lamur.
bima: (S) kw.ak.mêdèni, nggêgilani.
bima-sêkti: kn. ar. lintang.

bimana: (S) kw.ak. umuk, gumêdhe.
bimba: (S) kw.ak. rêca, pêpêthan.
bimbang: (ut. kêbimbang) kw. kuwur bingung (dening kêsêngsêm).
bina: (S) kw.ak. nggêgirisi bangêt.
binah: êngg.kn. bêbakal (omah, sandhangan lsp).
binandhung: kw. dirangkêp;kc.bandhung.
binantang, binatang: ks. kewan (dianggo pêpisuh).
bindi: kn.ak. gada, pênthung.
bindiwala: kw.ak. bngs. tumbak ditlorongake.
bindhêng: kn. yèn nywara grênggêng-grênggêng marga irunge cacad.
bintang: I kn. pêpêthan lintang êmas, slaka lsp. (minangka tandha kêtrima). II êngg.kn: lèngsèr kuningan (wadhah teko). III êngg.kn: 1 disêlang-sêling (up. diojong nuli dipèkèh); 2 digèrèd mênyang ing dharatan (tmr. prau).
bintangur: kn. ar. wit.
(binte): di-[x] ditêndhang kempole nganggo garês.
bintên: kn.ak. gênti mbinte (dolanan bocah).
bintêng:(-jae) kn. ar. panganan mut-mutan.
bintêr: êngg.pc. pintêr.
binting: êngg.kn. bèntèng, bètèng.
bintit: êngg.kn. pêndul tmr. mata (marga lara, mêntas nangis).
bintu: êngg.k. biru; mbintoni êngg.k: mbironi.
bintul: kn. mlêmpung (abuh sêthithik) tmr. kulit (marga dicokot lêmud lsp).
bintulu: kw. (polèng) biru.
bintur: êngg.kn. bngs. jêpitan dianggo golèk kêpithing.
(bincih): dipun-[x] êngg.k. dibiri (dikêbiri).
(bincil): di-[x]-i kn. dipêthèk sarana dipetungi nganggo krikil lsp (uga dianggo nyumurupi dina bêcik, bêja cilaka lsp); [x]-an: kawruh petungan (pêthèk).
bing: I (mbing) êngg.pc. mung. II (mbing) êngg.kn: kaprênah ing ...
bingah: k. bungah.
bingar: kn. katon padhang polatane (bungah).
bingèk, bingèn: êngg. biyèn.
binggêl: ki. gêlang.
(bingkas): di-[x] kw. disirnakake, dirampungi; kc. bengkas.
(bingkêm): dipun- [x] êngg. k. dibungkêm.
bingkil: (W) kn. papan dianggo nyambut gawe (tukang bêsi, tukang pit lsp).
(bingkrak): bêbingkrakan pc. royal-royalan, umuk-umukan.
binglêng: kw. judhêg bangêt (marga kedanan lsp).
bingung: kn. 1 kuwur atine ora mangêrti apa kang bakal dilakoni; 2 ora wêruh lor kidul; m-[x]-i(-ake): njalari bingung.
bipèt: (W) kn. 1 lêmari lan meja wadhah minuman lsp; 2 warung ombèn-ombèn (ing sêtatsiyun).
bir: I (W) kn. ar. minuman. II (mbir) êngg.kn. ing têmbing (sisih) ... ing pinggiring ...

birahi, birai: kn. umur-umuran ngangkat dhêmên marang (sandhang, wong wadon ut. wong lanang lsp).
birama: (S) kw. ak. nêngsêmake, endah.
birat: êngg.kn. ilang (wis rêsik); di-[x] êngg: diilangi, disirnakake, dirêsiki.
birawa: kw. kc. berawa.
biri, birèn: pc. kêbirèn; di-[x] pc: dikêbiri.
biring: kn. ar. dhapuring tumbak (tanpa luk).
(birid): m-[x], [x]-an êngg. kn. miturut ...; kc. pirid.
biru: kn. warna kaya dene warnaning langit; dibironi: ditembok ing malam wêdêlane (supaya yèn disoga ora katut abang); biron: jarit sing wis diwêdêl.
bis: I (W) kn. 1 pêthèn (lêmarèn) wadhah layang; 2 (montor x) montor tunggangan (digawe sewan).II (W) kn; blombongan wêsi (dalan banyu). III (W) pc: diambali manèh, sêpisan êngkas.
bisa: n. sagêd k. 1 kuwagang (kêconggah) nindakake (nglakoni, nggarap); 2 pintêr; 3 ora mokal (kêlakone).
bisae: (C) pc. ala.
bisala: (S) kw. ak. jêmbar.
bisana: (S) kw.ak. mêmédèni, susah.
bisaos: êngg. k. bae.
bisatya: (S) kw. ak. bangêt.
biseka: kw. jêjuluk; di- [x] kw: dijumênêngake ratu.
(bisik): [x]-[x] kn. gunêman lirih; di-[x]-i: dikandhani lirih-lirihan.
bisikan: kw. ênêng, jêjuluk.
bisit: êngg. pc. bisa.
biskal: kn. ak. bêskal.
biskucing: kn. ar.têtuwuhan.
biskuwit: (W) kn. ar. roti.
biskop: (W) kn. panggêdhening ngulama Kristên Katulik.
bismillah: (A) kn. atas asmaning Allah.
--- 46 ---
bisu ~ blak.
bisu: kn.ora bisa gunèman; m-[x] ora gunêman.
bisuwa: (S) kw. ak. sajèn.
bita: (S) kw.ak. wêdi. jirih.
biting: I kn. iratan pring kaya sada dianggo nyublês wungkusan (supaya ora udhar); di-[x]-i: dicublês dianjingake nganggo biting. II êngg.kn: bètèng.
bituwah: kn.ak. bêtuwah.
bicantên: êngg. kn. bicara.
bicara: êngg. kn gunêman, rêmbugan.
bithêt: kn. gèthèk tilas tatu (ing kulit).
bithi: kn. gêgêman tangan; di-[x]: diantêm, dijotos.
biwada: di-[x] kw. ak. disungga-sungga, diurmati.
biwara: kn.ak. (layang [x]) layang palapuran bab colong-jupuk kawènèhake marang kang kelangan diwênangake nggolèki.

byabya: kw.ak. lor kulon.
byah: mak [x][kn. sanalika, pêcah.
byaya: (S) kw.ak. wragad.
byayah: êngg.kn. pating blengkrah, ora karuwan.
byayakan: kn. yab-yaban sarwa kêsusu; kc. biyayakan.
byak: mak [x] kn. sanalika sigar, mênga.
byak-byakan: kn. (nggêgolèki) sarwa kêsusu.
byamoha: (S) kw. ak. ngênglêng (kedanan).
byantara: (ing [x]) kw. ingarêpan (pasowanan).
byang-byangan: pc. tansah nyat-nyatan arêp lunga (saka ing omah).
byapaka: (S) kw.ak. 1 sumêbar wrata; 2 ngêrèh, nguwasani.
byapara: (S) kw.ak. kalakuan, pratingkah.
byapi: (S) kw.ak. isi, ngêmot.
byar: kn. 1 sanalika mênga (mêlèk); 2 sanalika padhang (katon); 3 sanalika buyar (bubar, pêpisahan: 4 (wayah [x], [x] esuk, [x] rahina) wayah esuk mbênêri srêngenge mlêthèk; ngêbyar: mêlèk têkan wayah esuk; [x]-[x]-an: lèk-lèkan ngêbyar.
byar-byur: kn. pêpindhan swaraning adus (nyirami).
byar-pêt: pc. gèk murub gèk mati (diyan lsp).
byasana: (S) kw. ak. bêbudèn ala, hawa napsu.
byat: nêmpuh [x] br. nêmpuh kanthi sêrêng; kabyatan kw: kabotan; kc. bwat.
byuha: (S) kw. ak. gêlaring baris.
byuk: mak [x] kn. (disokake) sanalika lan akèh, têka bêbarengan.
byuk-byukan: kn. bêbarêngan padha têka (wong akèh).
byung: mak [x] kn. sanalika mabur (lunga) bêbarêngan.
byung-byungan: kn. padha bêbarêngan mabur (têka, lunga) tmr. tawon lsp.
byur: I mak [x] kn. katêranganing ambyur ing banyu (nggrujug, lunga bêbarêngan, bubar bêbarêngan). II kn: ora nganggo kêcampuran liya (padha bakale), tanpa kêsêlan warna liya, up. putih [x].
byur-byuran: kn. ambyur-ambyuran ing banyu.
byoma, byomantara: (S) kw. ak: langit, awang-awang.
byor:kn. ak. sumorot padhang; kc. abyor.
blaba: kn. loma, sênêng wèwèh.
blabag:kn. 1 prejengan kayu pêsagèn tipis; 2 wêwêngkon kang dianggo, papan padunungan kang baku; 3 wong kang mbakoni; [x] tanêmên, [x]-an ak: têgal kang ditanduri têmbako; m-[x]: kaya blabag (atos tmr. wêtêng); ke- [x]: kêpokok, sing kêjibah.
blabak: kn. ar.têmbang têngahan; ke-[x] ak: kêblêbêg ing banyu.
blabar: I kn. 1 kênthêng (tali, kawat dianggo matêsi kalangan lsp); 2 êngg. tampar dipanthêng (dianggo ancêr-ancêr lakuning kewan bêburon, iwak lsp); di-[x](-i): 1 dikênthêngi ing kawat (tampar lsp); 2 didondomi tutus-kajang (mung diênggo cêngkorongan); 3 ak. dicêngkorongi dhisik (tmr. gêgawean, mbathik lsp); [x]-an: cêngkorongan. II m-[x] (-[x]) kn: mili mrana-mrana.
blabar-kawat: br. glanggang (paprangan).

(blabuk): di-[x]-ake êngg.kn. dikatutake ut. dipayokake (tmr. barang palsu).
blabur: kn. 1 êngg. banjir, mbludag mblabar-mblabar; 2 sarwa turah-turah akèh bangêt (tmr. pangan lsp); 3 pc. bawur, ora cêtha pandêlênge.
blad: (W) kn. 1 lêmbaran (dluang); 2 dluwang mawa garisan kandêl dianggo lambaran nulis kasasabake ing sangisore dluwang kang ditulisi banjur diturut garisane.
(bladêr): m-[x] êngg. kn. 1 pc. mblêdêr (rêgêd akèh uwuhe); 2 akèh bangêt (tmr. wowohan).
blajar: êngg. kn. ajar, sinau; [x]-an engg: 1 piwulang; 2 isih ajaran.
bladhah: kn. ak. ngêblak ora dialing-alingi: di-[x]: dibukaki aling-alinge (gêdhège lsp).
(bladhak): m-[x] kn. 1 nggiwar nyimpang saka ênêring laku (tmr. lakuning kreta, jaran lsp); 2 ent. laku ala (tmr. wong wadon).
(bladhêg): m-[x], [x]-an kn. têrusan bae (tanpa ganti).
bladhêr: ut. bladhêr kn. mawa êndhut rêgêd (tmr. tuk lsp).
bladhu: êngg. kn. êndhut kang katut ilining banyu.
bladho: (lintang [x] kn. êngg. lintang panjêr esuk.
bladhog: I êngg. ks. drêmba, ludhuk. II di-[x] êngg. kn: diplathok (kayu lsp).
blaèr: ut. [x]-an kn. tansah kumocor idune (arêp mutah).
blaès: pc. kêtiwasan kc. bilahi.
blag-blagan:mênga amba (ora ditutup).
blai: pc. cilaka, kêtiwasan; kc. bilahi.
(blayang): m-[x], [x]-an êngg. pc. lunga (saka ing omah) mênyang êndi-êndi tanpa jujug.
(blayu): m-[x] êngg. mlayu.
blak: I kn. dluwang gambar (dianggo pola bathikan lsp); di-[x]: dipola.
--- 47 ---
II mak [x] pc: katêranganing mênga amba lawang lsp); [x]-[x]-an pc: tanpa nganggo ditutupi.
blaka ~ (blèbèr).
blaka: kn. 1 walèh, kandha ing sabênêre; 2 êngg. pc. wantah, ora nganggo apa-apa; diblakakake: dikandhakake ing sabênêre, diwalèhake.
blaka-suta: kn. kandha ing sabênêre.
blaki: êngg. k. blaka.
blakin, blaking: kn.ak. tir.
blalak-blalak: kn. amba sarta katon bêning (tmr. mata).
(blalo): m-[x] kn. nekad êmoh ngrêmbug apa-apa (nggugu karêpe dhewe).
blanak: kn. ar. iwak loh saèm. bandêng.
blandar: kn. (balunganing omah) pring ut. kayu sangganing êmpyak.
blandaran: êngg. kn. balapan.
blandêr: (W) kn. tutup sumbu diyan (supaya padhang urube, ing diyan triom lsp).

(blandrêng): m-[x], [x]-an êngg. kn. têrusan bae tanpa lèrèn.
blanja: kn (ut. [x] pasar) dhuwit sêdiyan têtuku kabutuhan padinan; 2 têtuku barang-barang kabutuhan padinan; 3 dhuwit kang diwènèhake marang batur (anak lsp) dianggo jajan; 4 bayar (sasèn); di-[x]: diwènèhi blanja; diblanjakake: ditukokake kabutuhan padinan; blanjan: 1 kang dibayar ing dhuwit ora sawah lsap); 2 mbênêri mangsa bayaran.
(blandhang): m-[x] kn. mlayu bantêr bangêt.
blandhit: pating [x] kn. 1 ubêd-ubêdan ora karuwan (tumpang suh, ruwêt lsp); 2 pc. molah-malih sarta mingar-mingêr (gunêmane).
blandhong: kn. tukang nêgor kayu (ing alas); m-[x] êngg: nêgori kayu; [x]-an: babagan nêgor kayu ing alas-alas; 2 pakaryan kayu jati; 2 êngg. kayu glundhungan dikworoki (dianggo prau lsp).
blandhos: êngg. pc. bilahi.
(blanèt): m-[x] êngg.pc. katon bagus.
blantik: kn. bakul raja kaya ut. manuk, tukang ngêdolake raja-kaya (pc. uga barang-barang liyane).
(blancang): di-[x]-i êngg.kn.dicêgat arêp dicêkêl.
blang-blangan: pc. tansah lunga saka ing omah (tmr. wong wadon).
blang-blêng: pc. kêrêp mlêbu.
blanggrèng: kn. kêmbang kopi; m-[x] pc: katon gagah abagus.
blangkêmên: pc. kaya krasa kaku kumudu-kudu arêp gunêman ut. mêmangan.
(blangkêp): m-[x] êngg.kn. ngrangkêp.
blangko: kn. 1 layang klowongan kang kudu diisi (poswisêl lap); 2 êngg. layang palilah saka panggêdhe (bab mbêlèh raja-kaya, babad alas lsp); 3 pc. ora mèlu nyêtèm (milih ut. nêtêpake ing pakumpulan lsp); tukang [x] (-ikêt): tukang gawe ikêt blangkon; diblangkokake: 1 êngg. dijalukake layang palilah; 2 pc. digadhèkake mênyang pagadhean; 3 didandakake mênyang tukang blangko (tmr. ikêt); kc. blangkon.
blangkok: kn. slewah (tmr. ulês, warna).
blangkon: kn. ikêt kang wis ditata (diwiru lsp) sarta didondomi.
blangkrèh: pating [x] kn: têtumpukan ora tata.
blangsi: êngg. kn. goni wadhah gula pasir.
blau: (W) êngg. 1 biru; 2 bngs. nopal biru.
blaur: êngg. kn. nggugu karêpe dhewe.
blaos: pc. bilahi.
blarahan: êngg. kn. mambu ora enak (bosokan larahan lsp).
blarak: kn. godhong krambil.
(blarat): m-[x] êngg. ak. lunga minggat.
blarudan, blarutan: kn. nandhang kacilakan lan kasangsaran (dening pêgêblug, kêbanjitan lsp).
blarut: pating [x] kn. padha blarud-blarud.
blarongan: kn. mambu bangêr ora enak (kc. bathang lsp).
blas: kn. 1 sanalika lunga (ilang, mari); 2 êngg. babar-pisan; 3 êngg. êntèk babar-pisan; kc. bablas.

(blasah): m-[x] kn. padha sumèlèh ing lêmah (ora tata lan akèh).
(blasak): m-[x], [x]-an kn. mlaku nasak (ora ngambah ing dalan kang bênêr); ke-[x]: kêblasuk.
(blasar): m-[x] kn. 1 nasar, ora ngambah dalan kang bênêr; 2 ak. ora anjog ing (tmr. dalan); 3 (ut. [x]-an) ora tata ut. ora karuwan (panêmune, kalakuane).
blas-blus: pc. slundap-slundup.
(blasuk): di-[x]-ake kn. diklerokake dalane, disasarake; ke-[x]: klèru dalane, kêsasar, olèh apa-apa sing ala.
blastêr: kn. 1 turunan campuran seje jinis ut. seje bangsa; 2 êngg. turunan dara karo putêr.
blastin: êngg. pc. krikil ing ginjêl.
blatèr: kn. bisa srawungan karo sapa bae.
blatung: kn. 1 bngs. sèt; 2 êngg. anak kucing.
blacan: kn. bngs. macan cilik.
blacu: kn. mori mêntah.
blathok: êngg. kn. bngs. wadung.
blawah: êngg. kn. glondhongan kayu dilêgoki dianggo wêwadhah lsp; m-[x] 1 pc amba bolongane (tmr. kuali lsp); 2 (ut. [x]-an êngg. blabaran (lubèr nyrambahi mrana-mrana); 3 (sugih m-[x]) pc. sugih bangêt.
(blawan):(m-[x] êngg. kn. tandhing karo, babag; m-[x]-i, [x]-an êngg: tumandang rêrukunan; [x]-an pc: gunêman kasar-kasaran.
blawe, blawèh: êngg. kn. ora bisa (-kêna, -olèh).
blawu: êngg. kn. klawu sêmu biru; sêmèn [x]: sêmèn rupane klawu.
blawur: kn. ora têrang pandêlênge.
blawus: kn. 1 katon klawus rêgêd; 2 ulês kuning ut. abang sêmu irêng.
blawong: (ut. panjang [x]) êngg. kn: panjang gêdhe.
blèlèk: I ut. [x]-an kn: tipis lêlêmbaran (tmr. têmbaga, êmas lsp). II m-[x] êngg.kn: mili ngiwa nêngên (tmr. barang cuwèr, mangsi, ditètèsake lsp).
(blèbèr): m-[x] êngg. pc. mblabar.
--- 48 ---
blèdru ~ (blêkathêk).
blèdru: êngg.ak. pasulayan.
(blèjèd): di-[x]-i kn. 1 diuculi sandhangane (diwudani); 2 ent. dijupuki barang darbèke kabèh.
blèg: (W) kn. 1 blebekan wêsi tipis (dianggo dandanan); 2 wadhah lênga lsp (kang digawe blèg).
blèkèn: êngg.pc. wantahan;kc. blaka.
(blela): m-[x] kn. mbangkang prentah, ngraman.
blelu: êngg.kn. bodho;kc. blilu.
blèndèr: êngg.kn. kayu bulugan lsp. dianggo sanggan balok lsp. kang disodhokake (supaya gampang); m-[x], [x]-an êngg: 1 ngglundhung mlèsèd; 2 gunêman plèsèdan; 3 ora kêna diugêmi gunême; 4 laku ngiwa (tmr. wong wadon); di-[x]-ake êngg: dilembatake marang liyan (tmr. wêwênang lsp).

blendrang: kn. ar. lêlawuhan.
(blendre): m-[x] kn. 1 mletre, mlèsèd; 2 ora kêna diprêcaya.
(blenja): mblenjani kn. ora nuhoni ênggone sêmayan.
(blèndhêr, blêndhêr): m-[x] kn. lêmu bangêt (sarta wêtênge gêdhe).
blendho: êngg.pc. blondho.
(blendhot): m-[x] êngg.kn. 1 lêmês ora kukuh; 2 ora nêtêpi jangji.
blencong: kn. diyan nganggo tèdhèng dianggo madhangi wayang (digantung sangarêping kêlir).
blence: êngg.pc. wantahan;kc.blèkèn.
blengah-blengah: êngg.kn. kuning sarta sumèh nyênêngake (tmr. pasêmoning praèn).
(blèngèr): m-[x] kn. katon abang awaras (tmr. lambe, pasêmon).
blèngkèt: kn. 1 êngg. cakêt karo, rakêt; 2 pc. rakêt bangêt (ênggone mêmitran, sih-sinihan); di-[x](-ake): digamblokake dadi siji (tmr.desa lsp).
blengkrah: pating [x] kn. pating jlêmpah ora tata; di-[x]-i: didhudhahi diudhal-udhal.
blepot: êngg.kn. rêgêd glumut, gluput.
blerang, blèrèng: êngg.kn. lorèk-lorèk.
blere: kn. gampang ngguyu (kêrêp ngguya-ngguyu).
blèrèk: I êngg.pc. blirik. II di-[x] êngg.pc: dibèrèk.
blèrèng: êngg.kn. lorèk-lorèk.
blero: kn. 1 campur larase ut. ora bênêr larase (tmr. swara); 2 pc. yèn ndêdêlêng katon dumpyuk; 3 pc. bingung ênggone arêp milih.
blècèn: êngg. pc. blèkèn.
blewah: pêndhok [x] kn. pêndhok sing ing buri mênga, kb. pêndhok bunton.
(blèwèh): m-[x] kn. mênga amba (tmr. cangkêm, bolongan lsp); [x]-an: 1 bolongan; 2 cluwokan nggalur (dianggo ilèn-ilèn banyu).
blêbah: kn. 1 dêrês bangêt (tmr. udan ing mangsa rêndhêng); 2 ([x] panenan) êngg.pc.mangsa murah pari (bêras) marga ing êndi-êndi mbênêri panèn.
blêbêd: kn. mori lsp. kang dianggo nggodhi; di-[x]: digodhi lan diubêd-ubêdi ing gombal, mori lsp.
blêbêk: kn. pêpindhaning swaraning apa-apa sing disilêmake ing banyu; di-[x] pc: diombèni akèh bangêt; di-[x]-ake pc: disilêmake ing banyu.
blêbêr: pating [x] kn. padha mabur (lunga lsp) mênyang êndi-êndi.
blêbês: I kn. garisan gèpèng dawa (piranti tukang batu, panênunan lsp). II mak [x] kn: katêranganing amblês ing banyu.III m-[x] kn: ora gampang kobong (kayu têlês lsp); apês m-[x] pc: apêse.
(blêdag): pc. 1 mbludag (loma bangêt); 2 umuk bangêt.
(blêdêr): m-[x] êngg.kn. rêgêd bangêt dening akèh uwuhe lsp.
(blêdig): di-[x] kn. dioyak arêp dicêkêl.
blêdug: kn. 1 lêbu kang katut ing angin; 2 ([x]-ing nêgara) ak.bayar wuwuhan (kanggo wragad lêlungan tmr. priyayi pangrèh praja); 3 pc. pamêtu kang dudu pokok; 4 ak.anak gajah.

blêjat-blêjêt: kn. capêt-capêt.
blêjêd: pc. wantahan, babar-pisan up. kosok-bali [x]; wuda m-[x]: wuda babar-pisan (tanpa awêr-awêr).
(blêjog): di-[x] kn. dikandhani (dijaluki, ditakoni) kanthi dadakan; [x]-an: dadakan, ora nganggo antal-antalan.
(blêdhag): m-[x] kn. mblêgag, bênthèt (nêla) amba.
blêdhèk: kn. 1 kaanan ing awang-awang awujud gêbyaring gêni sarta swara kêdadean saka èlèktris ing mêndhung; 2 (godhong [x]) ak. godhong jarak (yèn arêp dianggo têtamba).
(blêdhèh): m-[x] kn. 1 dhadha ut. wêtênge katon (tmr. klambèn lsp); 2 kêmba lan cêbêlèh rasane (up. iwak sing wis wayu).
(blêdhêk): m-[x] kn. ora bisa atos kêsêt (tmr. bata, bêras lsp).
blêdhêng: pc. katêranganing mlêbu.
blêdhês: kn. katêranganing nyilêm ing banyu; di-[x]-ake: dilêbokake (disilêmake) ing banyu lsp.
blêdhu: êngg.kn. êndhut, blêthok; kc.pladhu.
blêdhug: I êngg.kn. êmbêl, blêthok, êndhut. II m-[x], mblêdhog êngg.kn: njêbluk, njêblos (kanthi swara sêru); [x]-an, blêdhogan êngg: mêrcon long.
(blêdhos): m-[x] kn. (pêcah) njêblug tmr. mêrcon lsp.
blêg: kn. 1 (mak [x]) swaraning barang antêp tiba; 2 êngg. dina patine ...; 3 pc. padha plêk; 4 pc. byur (tmr. warna); di-[x]-i: ditibani ing watu lsp.
(blêgag): m-[x] kn. bênthèt (nêla lsp) amba.
(blêgêdhêg): m-[x] kn. nywara sarta umob (tmr. jênang digodhog lsp); alas [x]-an pc: alas gêdhe.
blêgêdhir: êngg.ak. pangarêping prajurit.
blêgêr: kn. jênggoronging wujud ut. wêwangunan.
(blêgidhig): m-[x]-i êngg.kn. njêlèhi.
(blêgug, blêgog): m-[x] êngg.pc. lêmu bangêt.
blêkak-blêkuk: kn. ora tètèh sarta mondhag-mandhêg (tmr. gunêman).
(blêkathêk, blêkêthêk): m-[x] kn. rêgêd bangêt (ora dikumbah lsp).
--- 49 ---
(blêkênêk) ~ (blubuk).
(blêkênêk): m-[x] kn. mêthuthuk jêmèk (njijiki).
blêkêtepe: kn. nam-naman blarak dianggo payon, aling-aling lsp.
blêkêtupuk: kn ar. manuk bngs. guwêg.
blêkêcêk: kn buthêk sarta umob (tmr. lênga digodhog lsp); m-[x]: katon rêgêd bangêt (tmr. banyu, kalèn lsp).
blêkuk: pating [x] padha blêkak-blêkuk gunêmane.
blêkuthak: kn. ar. iwak loh.
(blêkuthuk): m-[x] kn. 1 mbuwal sarta nywara (tmr. wedang umob lsp); 2 êngg. goroh.
blêkok: kn. ar. manuk bngs. kuntul.
blêman: êngg.kn. gêni blubukan; kc. bêlêman.
blêmbên: kn. bngs. sukêt godhonge dawa-dawa.
(blêmbêng): m-[x] êngg.kn. bulug gêdhe.

blêndok: I kn. tlutuhing wit kang ngyiyit rupane sêmu abang. II di-[x], ut. diblêndog êngg.kn: ditêrka, didakwa, ditakoni dadakan.
blênjat: pating [x], [x]-an êngg.kn. ora urut, ora kalawan tata lêlarikan.
(blênjog): di-[x] êngg.kn. diblêjog, didakwa dadakan.
(blêndhang): m-[x] pc. gêdhe marga akèh isine (tmr. wêtêng).
(blêndhing): m-[x] kn. 1 njêmbluk ing isor (tmr. wêtêng); 2 ks.mêtêng.
(blêndhuk): m-[x] kn. 1 gêdhe jêmbluk (tmr. wêtêng); 2 gêdhe ing têngah (tmr. gêndul lsp); 3 ks.warêg, mêtêng.
blêndhung: êngg.kn. agung pipilan digodhog.
blêndhong: êngg.kn. benggol (2½ sèn).
blênêk: [x]- [x], m-[x] pc. gêdhe lêmu (sarta cêndhèk).
blêntèng-blêntèng: kn. 1 pating dlêmok; 2 pc. rada bisa, rada eling.
blênto: êngg.kn. 1 palson (tmr. dhuwit, slaka lsp); 2 ala (tmr. gêgaman landhêp); di-[x] êngg.pc: 1 disêdul barang palsu; 2 êngg.ditêrka sing ora nyata.
blêntong: kn. dlêmok (ent. cacad).
(blêncung): m-[x] êngg.pc. mlaku tanpa nolèh-nolèh.
blênthot: kn. kiyêng sarta kêncêng (tmr. tawakan).
blênyak-blênyak: kn. ora gancar, ora urut, ora ajêg.
(blênyèk): m-[x] êngg.kn. mlênyèk.
blênyik: kn. iwak têri kang diasin lan diglindhingi.
blêng: I mak[x] kn. sanalika mlêbu; ngêblêng: nglakoni ora mangan lan ora ngombe. II kn: (banyu [x]) banyu kang ngêmot uyah; di-[x]: dikum (dicêncêm) ing banyu blêng.
(blêngêr): [x]- [x], m-[x] kn. unêg-unêgên (marga mambu kang ora enak).
blênggi: kn. plisiran bênang mas; klambi blênggèn: klambi mawa plisiran bênang mas.
blênggu: kn. gêlangan wêsi (kayu) dianggo mbêlok tangan.
blêngkêr: kn. wêngkuning rodha, tong, tenggok lsp; pating [x], m-[x]: ngringkuk (marga wêdi, kadhêmên), nêkuk nyêngkuwêr.
blêngkik: pating [x] pc. têtêkukan ora karu-karuan.
(blêngkuk): m-[x] kn. mbêngkuk (tmr. linggih lsp); bengkong nêkuk (tmr. paku lsp); di-[x]-ake: ditêkuk dibêngkukake.
blêngur: kn. anak banyak.
(blêrêk): m-[x] êngg.kn. mblêrêt.
blêrêng: kn. ora bisa ndêlêng cêtha marga kêsorotan; m-[x]-i: 1 njalari blêrêng; 2 ent. mêdèni (marga sugih, luhur).
(blêrêt): m-[x] kn. suda padhange, kurang padhang; di-[x]-ake: dikurangi padhange (tmr. lampu, diyan lsp).
blês: kn. katêranganing amblês, nyublês, nyilêm lsp.
blêsak: êngg.kn. ala.
blêsak-blêsêk: pc. kêrêp bangêt ênggone nglêbokake.
blêsar: pating [x] kn. pating slêbar, ora ngumpul.
blêsêk: mak [x] pc. mak blês; m-[x] kn: amblês nunjêm ing; di-[x]-ake: dilêbokake ing (lêmah, êndhut lsp).

blêthok: kn. lêmah jêmèk lumèr.
blibar: kn. pêntil manggis (manggis ênom).
blibuk: di-[x] kn.ak. diapusi, diblithuk.
bligang-bligung:mbligung pc. wuda mblêjêt.
bligo: kn. ar. woh bngs. waluh.
bligon: kn. 1 bundêr lonjong; 2 êngg. sapi lsp blastêran.
bliyar-bliyar: ut. bliyar-bliyur kn. rêmêng-rêmêng pandêlênge (marga ngantuk bangêt).
(bliyut): m-[x] kn. ngantuk bangêt.
bliyo: kn.ak. panggêdhening pulisi.
blikon: santri [x] pc.ak. santri kang ora nglakoni salat.
blila: êngg.kn. ngraman, mbangkang.
blilêt: êngg.k. blilu.
blilu: kn. bodho (durung mangêrti); [x] tau (pintêr durung nglakoni) pr: sênadyan durung mangêrti nanging wis bisa nindakake; m-[x]: 1 mbodho; 2 êngg. ak. ngapusi.
blimbing: kn. ar. wit sarta wohe; [x]-an: mawa lingir luwih saka papat (tmr. garisan lsp).
(blindrik): m-[x] êngg. pc. ayu bangêt.
blindhis: kn. 1 tanpa rambut ut. tanpa wulu; 2 êngg. wuda mblêjêt; 3 pc. êntèk kabèh bandhane (sandhangane).
(blingêr): ke-[x] kn. kliru, kêsasar pikirane.
blirik: (-blirik) kn. irêng kaworan trutul-trutul putih (tmr. ulêsing pitik lsp).
(blithing): m-[x] êngg. kn. mlincur, kêsèd.
(blithuk): di-[x] kn. diapusi, dipalsu sarana apus.
bliwur: kn. ak. 1 bawur (pandêlênge); 2 bingung atine.
(blubud): m-[x] êngg. kn. nekad ora duwe isin.
(blubuk): m-[x], [x]ian kn. lêmbut mbludhuk (tmr. lêmah, awu); di-[x](-ake)
--- 50 ---
êngg. kn: diblibuk, diblithuk; gêni [x]-an: gêni mawa campur karo awu.
(blubur) ~ blorok.
(blubur): m-[x] êngg. kn. êmpuk sarta gampang ajure (tmr. kapur, gril lsp).
(blubus): m-[x] êngg. kn. tanpa nganggo isin (mèlu kêndurèn lsp).
(bludag): m-[x] kn. 1 mbuwal, lubèr banjur wutah; 2 sugih umbag; 3 loma bangêt.
bludêr: kn. ar. roti.
(bludir): di-[x] kn. ditrapi gambar kêkêmbangan lsp. nganggo bênang mas lsp; [x]-an: bludru lsp. kang dibludir.
bludru: kn. ar. bakal (cita alus mawa wulu).
(bluju): m-[x] kn. 1 ak. gilig dawa ora karuan bongkot pucuke; 2 barès (tanpa nganggo rêrênggan, kêris lsp).
(bludhuk): m-[x] êngg. kn. lêmbut sarta ora kêmpêl (tmr. lêmah); [x]-an êngg; 1 lêmah kang mbludhuk; 2 lêmbutan; 3 blubukan.

(bludhus): m-[x] kn. 1 nlusup mlêbu (tanpa diulêmi, tanpa diundang lsp); 2 mblubut.
blung: kn. 1 katêranganing barang kang tiba; 2 êngg. pc. turu (têtêmbunganing bocah cilik).
blui: êngg. pc. kunjara.
blukang: êngg. kn. bongkok (bongkoting papah krambil).
(blukèk): m-[x], [x]-an kn. mutah-mutah (sabakdane mangan).
blukèran: êngg. pc. kumudu-kudu mutah.
(blungkok): m-[x] êngg. pc. mukok, mutah.
bluluk: kn. pêntil krambil.
bluluk lupa: kn. ak. bluluk kang wis gogrog.
blumbang: kn. 1 jugangan gêdhe isi banyu; 2 (ut. [x]-an siwakan êngg.) jugangan gêdhe isi banyu dianggo ngingu iwak; [x]-an ikêt (kêmbên) kang bathikane mung turut pinggir.
(blunat): m-[x] êngg. kn. ndhugal, kurang ajar.
blundrah, blundrèh: êngg. kn. rêgêd pating dlêmok.
(blunthah): m-[x] êngg. kn. royal (sênêng nglakoni maksiyat).
blung: kn. pêpindhan swaraning barang kêcêmplung ing banyu.
blungkang: êngg. kn. 1 sigaran tabon krambil; 2 bongkok; kc. blukang.
blungkêr: êngg. kn. nêkuk njêngkêrut; kc. bungkêr.
blura-bluru: êngg. kn. bubar pating blêsar.
(blurut): m-[x] kn. nyênyolong ing omah ing wayah awan (sore).
blus: I mak [x] kn. sanalika nancêp (tmr. dom lsp). II êngg. kn: klambi rangkêpan (ing klambi jas bukak).
blusak: êngg. kn. kasur.
blusak-blusuk: kn. mlêbu ingêndi-êndi (sêmu murang tata).
(blusuk): m-[x] kn. mlêbu ing; di-[x]-ake: 1 diblêsêkake (dilêbokake) ing êndhut lsp; 2 ent. diloropake; 3 dipayokake (tmr. dhuwit palsu, barang sing ala lsp).
bluthak: kn. ar. iwak loh.
bluthèh: kn. ak. kuthah, rêgêd kêcipratan.
bluwak-bluwêk: kn. bola-bali mlêbu, kêrêp ênggone ngêmplok lsp.
bluwèn: êngg. kn. kunjara.
bluwèran: kn. kumudu-kudu mutah.
bluwêk: mak[x] pc. sanalika mlêbu ing bolongan; [x]-an êngg: bolongan ing lêmah, wokan.
(bluwêr): m-[x] kn. 1 gêgupak ing blêthokan; 2 jêblog akèh blêthoke (tmr. dalan); 3 êngg. awangun mlêngkung bundêr.
bluwi: êngg. kn. kunjara; di-[x] êngg: dikunjara.
bluwus: kn. katon rêgêd sarta wis lawas (tmr. sandhangan); m-[x]: mênganggo sandhangan sing wis lawas.
blobok: kn. rêrêgêding mata; m-[x]: tansah mêtu bloboke (marga lara lsp).
(blobor): m-[x] kn. 1 mili pating jlèbrèt (tmr. mangsi ing dluwang, malam ing lawon); 2 (ut. [x]-an) nyêmbèrèt (tmr. bathikan, tulisan mangsi lsp); 3 êngg. mblubur.

(blobos): m-[x] êngg. kn. mbrobos.
(blojod): di-[x]-i kn. diblèjèdi.
blodhog: kn. ar. iwak loh.
blog: I kn. pêpindhan swaraning barang tiba, nggablog lsp.II: (W) kn. 1 pêpanthan peranganing palêmahan (sawah, omah); 2 (ut. emblog) gulungan wilanganing mori (sêmbagi lsp).
blog-blogan: (ut. êmblog-êmblogan) pc. pating dlêmok.
blokèng: êngg. kn. blukang, blungkang.
blolok: êngg. kn. blolok; kêtonjok [x] pr: nyatur uwong sing dicatur ana; [x]-ên: ora wêruh marga blêrêng; m-[x] mblêrêngi.
(blombong): m-[x] êngg. kn. bolong amba; [x]-an êngg: bolongan amba, urung-urung ut. pipa dalan banyu kang amba.
(blondor): êngg.pc. kc. blèndèr, blondrok, blondrong.
(blondrok): di-[x]-ake êngg. kn. diblondrongake.
(blondrong): di-[x]-ake kn. disasarake, diloropake; ke-[x] kn: kêblasuk, kêlorop.
blondho: kn. kênthêlaning santên kang diklêntik.
blondhos: êngg. kn. blindhis, plonthos.
(blondhot): m-[x] êngg: 1 ngyiyid, jêmèk; 2 mblenjani kasaguhane.
blonthang-blonthang:nganggo dlêmok putih (tmr. ulês).
(blonyo): di-[x] kn. diusar-usari parêm, borèh lsp. awake sakojur.
blonyoh: nangka [x] kn. nangka sing nyamplungane mlênyèk; di-[x] êngg. diblonyo.
blong: kn. bolong njêmblong.
blongor-blongor: kn. katon sêgêr kawarasan (tmr. bocah lsp).
blongsong: kn. 1 ulês ut. krakab (êmas, sutra lsp. rêrêngganing kêris); 2 êngg. brongsong; 3 êngg ar. lurik tênunan nganggo dislundhingi sutra.
blorok: kn. saèm. blirik nanging gêdhe corake (tmr. ulêsing pitik).
--- 51 ---
blorong ~ budhêng.
blorong: êngg. kn. lorèk-lorèk irêng karo putih.
blos: kn. katêranganing bolong, nyoblos lsp.
(blosok): m-[x]-ake êngg.kn. dislorogake mlêbu.
blosong: pc. blongsong.
(blothong): m-[x] êngg.kn. mblotrong.
(blotrong): m-[x] kn. gêdhe kang ngisor (tmr. wêtêng).
blocok: (-an) kn. bathikane ora cêtha (tmr. jarit lsp).
blothong: kn. êndhêg-êndhêging lênga kacang lsp. sok dianggo rabuk; [x] uyah êngg: ar. rabuk yasan.
(blowok): kê-[x] êngg. kn. 1 kêcêmplung ing wokan; 2 kêblasuk, kêblondrong (ênggone têtuku lsp).
bu: pc. 1 wc. ibu; 2 wc. babu.
(bubak): di-[x] kn. dibabadi lan digarap didadèkake têgal lsp (tmr. alas); 2 dipaculi (digarap) tmr. palêmahan sing durung tau ditanduri.
bubak-kawah: kn. 1 sarat (bêras kuning, dhuwit lsp) diênggo nêmokake pangantèn jaka-lara; 2 mantu kang kawitan.

bubar: n. bibar k. 1 (ut. [x]-an) padha pêpisahan (tmr. mêmitran, pangantèn anyar), buyar pêpisahan (tmr. prajurit); 2 wis rampung (tmr. tontonan, pamulangan, wong mantu lsp); 3 (ut. sa-[x]-ing) sarampunge, sawise; di-[x]-ake; dikon padha bubar.
bubar-lahan: ([x] lêlahan, [x] nglahan) kn. ora ana tumanjane (tanpa woh).
bubat: êngg. kn. rambut buntut jaran.
bubu: êngg. kn. wuwu.
(bubuh): I di-[x] pc. diwuwuhi, ditumpa-tumpa (kasusahan lsp). II. di-[x][-i n. dipunbêbahi k. dibagèhi (dipasrahi) nindakake pagawean; [x]-an: pagawean lsp, sing dikon nindakake.
bubuk: kn. 1 dheplokan kang wis lêmbut (kêdhêle lsp); 2 ([x] kopi) kopi sing wis digorèng lan didhêplok lêmbut; 3 (wedang [x]) wedang kopi; 4 ar. kewan bngs. tètèr (sok ngrusak kayu); [x] olèh êlèng pr: duwe niyat ala olèh dalan; di-[x] (-i): didhêplok lêmbut; [x]-an: apa-apa sing dibubuk; [x]-ên: 1 dipangan ing bubuk (tmr. kayu); 2 (ut. bubuk êngg.) ora payu laki (tmr. prawan).
bubul: kn. 1 bngs. lara pathèk kang thukul ing tungkak (dlamakan); 2 êngg. thikilan pongge; suwasa [x]: swasa sing ala (bisa tainên); m-[x] ak. ora kêtara marga lawas (tmr. tulisan lsp); 2 jênang.
bubus: kn. ar. lêlawuhan sing digawe godhong lumbu.
bubut: I kn. ar. manuk. II di-[x](-i) kn: didudut lan dibêdhol (tmr. sukêt, rambut, jenggot lsp). III di-[x] kn: diêlus lan diwangun sarana diubêngake sarta disisrik (tmr. kayu, wêsi lsp); [x]-an: 1 piranti dianggo mbubut; 2 apa-apa sing dibubut.
bubrah: n. bibrah k. 1 rusak sarta padha copot (tmr. piranti-piranti); 2 ilang tatane (tmr. pranatan, barisan, pikiran); di-[x](-ake): 1 dirusak (tmr. dandanan omah lsp); 2 diowahi ut. disuwak (tmr. tatanan, pranatan lsp).
bubruk: ptj. 1 ora payu (tmr. dagangan); 2 ora payu laki (tmr. prawan).
buda: (S) kw. 1 ak. ar lintang planit (Mercurius); 2 dina Rêbo; 3 kn. ar. agama yasane Sang Buda Gotama; 4 kn. kang kagolong ing jaman kuna (sadurunge Islam), up. sastra [x].
budaya: kw. budi, nalar, panêmu, angên-angên; kabudayan kn: babaring nalar-pambudining manungsa maujud kagunan, kapintêran, kawruh lsp.
buda-cêmêngan: kw. Rêbo Wage.
budi: kn. 1 nalar, pikiran (kang ginawe nggêgayuh, golèk reka lsp); 2 (ut. m-[x])gudi nggêgolèki, ngrancang golèk reka (srana), mikir; 3 br. migunakake nalare; 4 caraning pamikir; 5 watak; 6 polah arêp oncat, ora manut; ngulir [x] br: golèk reka-daya; bêbudèn: wêwatakan.
budi-arda: kw. pêpenginan.
budidaya: kw. reka ut. sarana kang digawe nggayuh (nindakake); di-[x] kw: direka lan diudi; kc. kabudidayan.
budiman: (S) kw. pintêr (sugih pamikir)
buja: (S) kw. bau (lêngên, tangan); cs. 2.

bujad: kn. rusak pisah-pisah saka athi-athikane (sêsambungane) tmr. kurungan lsp; di-[x]-i: 1 dirusak kaya kang kasêbut; 2 ak. dicopot, dilèrèni.
bujaga: (S) kw. ak. ula; cs. 8.
bujana: kw. pista mangan enak.
bujang: kn. 1 êngg. jêjaka (ora duwe pomahan ing desa): 2 (ut. [x]-an) êngg. buruhing wong tani; 3 ak. buruh, kuli.
bujangga: (S) kw. 1 pujangga (wong pintêr babagan basa ut. kasusastran); 2 ak. ula.
bujêl: kn. papak, tanpa pucuk (tmr. driji lsp).
(bujêng): dipun-[x] k. diburu.
bujidên: kw. engg. bajang (ora bisa gêdhe tmr. badan).
bujil: kw. engg. kc. bujidên.
bujug-bêsèt, bujug-bujug: engg. toblas-toblas! (mratelakake gumun bangêt).
bujuk: kn. pangapus; di-[x]: dirimuk, ditawani têmbung manis supaya kèlu.
bujul: êngg. kn. bngs. wluku; kc. brujul.
bujung: I êngg. k. godhong têbu. II êngg. k: buru
bujur: (-an) êngg. kn. 1 gombal; 2 (kanggo ngasorake) sandhangan.
budhak: kn. batur tukon.
budhal: n. bidhal k. mangkat (bêbarêngan wong akèh); di-[x](-i): dicopoti (tmr. nam-naman), dijupuki diwêtokake (tmr. barang-baranging omah): di-[x]-ake: diangkatake bêbarêngan.
budhêg: kn. 1 rusak pangrungune (ora bisa ngrungokake); 2 ora bêning suwarane (tmr. gamêlan, dhuwit lsp.); 3 pc. palsu (tmr. dhuwit); 4 êngg. bodho bangêt.
budhêl: (W) pc. barang-barang warisan.
budhêng: kn. 1 êngg. bodho, ora lantip: 2 êngg. lutung; 3 ora cumêngkling (tmr.
--- 52 ---
dhuwit); 4 (layang [x], -budhêg) layang tanpa tèkên (ngêmu rasa nacad, ngala-ala lsp.).
budhug ~ bumbu.
budhug: kn. lara leprah (lmr. ing sikil): [x]-ên: nandhang lara leprah.
budhug-mumuk: pc. doyan mangan lan doyan turu.
budhur: êngg. kn. lêgèn.
bug: kn. katêrangan swaraning barang tiba lsp.
bugêl: kn. ak. 1 tumpêr (tugêlan kayu sing wis diobong sêthithik); 2 ak. wong bodho; nyugokake [x] kayu sêmpu pr: ngajokake wong bodho.
buh: I êngg. kn. jêmpo. II (mbuh) kn: 1 ora wêruh; 2 ora kawruhan. III (W) pc: plêngkungan.
bui: pc. kunjara.
(buya): ka-[x]-[x] kw. dioyak-oyak.
buyan: pc. edan, gêndhêng.
buyar: kn. pating slêbar mrana-mrana.

buyuk: êngg. kn. wit nipah.
buyung: êngg. kn. klênthing, jun.
buyut: kn. 1 (ut. putu [x]) anaking putu; 2 (ut. êmbah [x]) wong-tuwane êmbah; 3 kw. lurah ut. têtuwane padhukuhan; 4 êngg. jaratan: [x]-ên: ndhrêdhêg thêk-thêkan amarga wis tuwa; satru bêbuyutan: satru wit kuna-mula (turun-tumurun); k-[x]-an kw: 1 panggonaning para pêndhita: 2 sanggar pamujan.
buk: I kn. 1 sah-sahan (panagih lan panyaure padha); 2 êngg. pc. ora tuna (kalah) ora bathi (mênang); 3 pc. ora duwe apa-apa (ora ana); ora [x] pc: ora sêthithik, ora kurang: di-[x]-ake: dikurupake supaya sah, digawe buk; [x]-[x] êngg. pc: ora tuna (kalah) ora bathi (mênang). II urung-urung banyu kang nrajang dalan lsp. III (W) kn: buku (cathêtan lsp.); klêbu ing [x] pc: ditulisi (dicathêti alane, dipetung); ora ngêbuk ora ngêpèn pc: ora bisa maca ora bisa nulis.
buka: I kn. mangan (tmr. wong kang pasa). II bêbuka kn: 1 ak. wiwitan, jalaran; 2 pêpucuking katêrangan ing layang; di-[x] kw: diwêngakakake; dibukani: 1 kw. diwiwiti saka; 2 diwiwiti nêmbang (tmr. gêndhing): kc. buka.
bukak: n. bikak. 1 wis mênga ut. wis diwêngakake (tmr. lawang, kantor, toko lsp.); 2 ora ditutup, up. [x] topi; 3 êngg. dicopot (dilèrèni ênggone cêkêl gawe); di-[x]: 1 diwêngakake: 2 diwêngakake kêna diliwati, dilêboni lsp. (tmr. krêtêg, dalan, toko, kantor lsp); 3 dicopot (tmr. topi, tudhung lsp); 4 dibiyak (tmr. layang, buku, sandhangan lsp); 5 dicopot (dilèrèni nggone nyêkêl gawe); 6 ut. di-[x]-i) dirucati (sandhangane, pakeyane tmr. jaran); 7 diwêdharake (tmr. wêwadi); [x]-an ut. [x]: 1 mênga, kêna dibukak lan ditutup (tmr. klambi, lsp); 2 wis dibukak (ora ditutup); 3 wis dibabadi (tmr. palêmahan, alas); 4 kang wis dicopot (dilèrèni).
bukak-kunci: êngg. kn. dhuwit minangka opahane wong kang tunggu kuburan (nyewakake lsp).
bukakundur, bukasari: kw. ak. mêkutha, tropong.
bukên: (-an) êngg. kn. turun-tumurun dumunung ing.
bukêt: êngg. kn. 1 ak. buthêk; 2 êngg. ak. kênthêl (tmr. jangan); 3 êngg. ora bêning (polatane).
buki: kn. 1 ak. mlinjo tuwa; 2 ak. kêtuwan, wis tuwa (ora apik).
buku: (W) kn. 1 layang (lmr. cap-capan lan dijilid); 2 layang cathêtan; dibukani: dicathêti.
(bukuh): sila ma-[x] kw. sila tumungkul kanthi tata.
bukung: kn. ora nganggo buntut (tmr. manuk, pitik lsp); di-[x]-i: dikêthok buntute (tmr. pitik lsp).
bukur: kn. bngs kêrang.
bukti: 1 kw. pangan, mangan; 2 (ut. cihna-bukti) kn. barang-barang kang ginawe pasêksèn, tandha yêkti, 3 kn: ak. bêkti; dibuktèkake: diwèhi katêrangan minangka pasêksèn; kê-[x]: têtela kaluputane dening wis kasumurupan buktine.
bul, bol: êngg. kn. jêmbangan gêdhe (dianggo gawe nila lsp).
bul:mak[x] kn. sanalika murub (mabul).

bula: bulah êngg. kn. 1 seje; 2 mênawa yèn.
bulak: ut. bêbulak kn. patêgalan jêmbar tanpa wit-witan lan adoh desa.
bulan: êngg. pc. sasi.
bule: kn. putih pakulitane marga lêlara.
bulêk, bulês: êngg. kn. mulêk njalari sêsêk (tmr. kêbul).
bulêt: êngg. kn. bundêr gilig; m-[x]: 1 (ut. bêbulêtan) êngg. ak. nggubêd; 2 (ut. m-[x]-ake êngg) ngingar-ingêrake rêmbug (prakara, pêpadon).
buli:(-buli) êngg. kn. ak. bngs. jun cilik.
bulu: kn. ar. wit.
bulu-bêkti: kw. pisungsung minangka pajêg (tandhaning sungkêm).
bulu-bulu: kn. 1 wulu kanggo cundhuk (ing topi lsp); 2 êngg. pc. sulak (kêbut wulu).
bulud: êngg. kn. trêp (ora kurang ora luwih).
bulug: kn. bundêr gilig (cêndhak lan gêdhe).
buluk: ut. bulug êngg. kn. rêgêd dening kêbak blêdug; 2 (ut. bulukên) jamurên.
bulus: kn. ar. kewan rumangkang bngs. pênyu nanging ana ing dharatan (dudu ing sêgara).
bulsak: (W) kn. kasur.
bum: (W) kn. 1 wêsi (kayu) dawa cacadaning kreta; 2 kantor ing palabuhan, pabeyan.
bumandhala: (S) kw. jagat, bumi.
bumbu: kn. 1 jantuning olah-olahan (kc. trasi, uyah lsp), adon-adoning mbakar ut. mbathik (kyt. soga, tingi, malam lsp); 2 pc. wuwuh-wuwuhan (murih
--- 53 ---
rame lsp); dibumboni: 1 dijantoni, didèkèki bumbu; 2 diwuwuh-wuwuhi (supaya saya agawe rame lsp); bumbon (-crakèn): bakul dodol bumbu jamu.
bumbung ~ bungis.
bumbung: kn. kêthokan pring saêros ut. luwih (dianggo wêwadhah lsp); [x] wung-wang: bumbung bontos pucuke bolong; m-[x] ut. mbrumbung êngg: mêtêng têrusan (tanpa lêt nggarap sari); [x]-an 1 awangun bundêr gilig kaya bumbung; 2 peranganing suwêng kang dilêbokake ing bolongan pasuwêngan.
bumi: (S) kn. 1 jagat (kb. langit); 2 lêmah, palêmahan; 3 ak. bageaning pagawean; wong [x] n. tiyang siti k: wong kang asal (dêdunung) ing sawijining panggonan; bêdhah [x]: dhuwit minangka opahane gawe kluwat; [x] pinêndhêm pr: andhap asor bangêt; malik [x] pr: mbalik ngiloni mungsuh; bumèn êngg: sawah darbèke wong akèh.
buminata, bumipala, bumipati: (S) kw. ratu.
bumitala: (S) kw. dhasaring bumi.
bumpêt: êngg. kn. buntu.
bun: I kn. banyu sing pating prênthul ing gêgodhongan, pasukêtan lsp (ing wayah esuk); adhang-adhang tètèsing [x] pr: ngarêp-arêp

kabêgjan (sih) kang durung karuwan; di-[x]-[x]-ake: diwêtokake ana ing jaba ing wayah esuk. II kn. ak: bngs. cêpukan cilik.
bunar: ut. mbunari êngg. kn. ak. blêrêng.
bundêr: kn. 1 awangun kaya wanguning bal ut. cakram; 2 pc. wis golong rêmbuge, wis têtêp niyate.
bundhas: ut. babak bundhas kn. babak sarta èmu.
bundhat: êngg. pc. pundhat.
bundhêl: kn. 1 (ut. m-[x] mawa sindhêtan ing pucuke (tmr. tali, kolor lsp); 2 êngg. sèwu iji (tmr. wilangan jagung, têmbako); 3 tangkêp ulêt-ulêtan (tmr. kupu lap); 4 (ut. bêbundhêl) ak. pinituwa ing padesan; 5 pc. rakêt bangêt (ênggone mêmitran); di-[x]-i: 1 ditalèni disindhêt pucuke (tmr. tali lsp); 2 dilêbokake ing padoning kacu lsp. banjur disindhêt; 3 ent. dianggit sajroning ati, diantêpi (tmr. piwulang lsp); [x]-an: 1 sindhêtan kang dibundhêli; 2 pc. simpênan (dhuwit, kawruh lsp); 3 pc. sêmayan.
bundhêt: kn. ruwêt tmr. rambut, bolah lsp.
bundhu: kn. ak. bodho (ora bisa ngudhoni rêmbug).
bunèn: êngg. kn. papan pamepean pari ing sawah.
bunêk: êngg. kn. krasa sumpêk bangêt (kaya ana ing sênthongan kang ciyut); 2 krasa sêdhih bangêt, ora bingar.
bunêl: kn. susah sarta bingung atine, ora bingar.
bunuh: ut. bunoh (-atine) êngg. bingung, kuwur.
bunuh dhiri: (M) pc. nglalu.
buntak: kn. ar. iwak loh.
buntal: kn. rentengan gêgodhongan ut. kêmbang warna-warna dianggo rêrênggan.
buntala: kw. bumi, lêmah; kc. buntala.
buntar: kn. ak. bongkotimg landheyan tumbak; 2 pungkasaning wuwungan; 3 (ut. [x]-an) êngg. dumunung ing pungkasan ilèn-ilèning banyu (tmr. sawah); di-[x]: disodhog nganggo buntaran tumbak.
buntas: kn. 1 êntèk -êntèkaning dalan lsp; 2 tutug ing pungkasan; 3 ak. wis rampung (ênggone sinau, ngudi ngèlmu lsp); 4 bantas (tmr. swara).
buntêk: kn. cêndhak nanging gêdhe.
buntêl: kn. 1 êngg. kacu; 2 apa-apa sing dianggo mbungkus; di-[x]-(i): diblêbêd lan dicakup ing kacu lsp.
buntêl-kadut: kn. kabèh wis kêcakup (buruhan tanpa ingon).
buntêl-mayid: kn. 1 ana wulune sêlap putih (tmr. prêkutut); 2 ana tilase klokopan klika kang putih (tmr. kayu).
buntêt: kn. 1 buntu, ora bolong; 2 (ut. [x]-an ak. ora nggronggong (tmr. sungu lsp); di-[x]-i: ditutupi supaya buntêt.
(bunting): m-[x] kn. mênggik, cilik (tmr. bangkekan).
buntit: êngg. kn. pating prênthêl saèm. brintik.
buntu: kn. 1 ora bolong têrus (tmr. blombongan), pantog (ora têrus tmr. dalan); 2 êngg. pc. buntêt; 3 ganêp ora kurang tmr. wilangan, dhuwit lsp; 4 ora nganggo cowokan tmr. ngijolake dhuwit; 5 ak. wis rampung tmr. sêdya, garapan; 6 pc. judhêg pikire; dibuntoni: 1

dipampêti (tmr. bolongan lsp); 2 (ut. di-[x]) diganêpake (tmr. wilangan, dhuwit rêrêgan lsp).
buntul: êngg. kn. ragil.
buntung: kn. tugêl sikile ut. buntute; gêrèh [x] kang diilangi êndhase; klambi [x]: klambi tugêl lêngêne.
buntut: kn. 1 perangan angganing kewan têrusane balung ula-ula; 2 êngg. prakara kang nusuli; m-[x] ak: tutburi.
buntut-urang: kn. rambut ing githok.
(buncang): di-[x] êngg. kn. dibuwang (dikentasake) adoh.
bunci: kn. petunganing wong main pèi (ajine nêlu-las); klêbu [x] pc: klêbu pilihan (kagolong bêcik).
buncing: êngg. kn. ragil.
buncis, boncis: kn. bngs. kara.
buncit: kn.1 kang kari dhewe; 2 ragil.
buncur: kn. tatu ing bathuk (êndhas) marga kêtatab lsp.
bunyak: ut. babak bunyak kn. tatu nglècèp kulite.
bung: kn. thikilan pring (pênjalin, alang-alang lsp).
bungah: n. bingah k. sênêng bangêt (dening diwènèhi, olèh kasênêngan lsp); bêbungah: 1 pawèwèh; 2 opahan, bayaran; 3 ak. anakan; m-[x]-i: bungah kang kêladuk.
bungas, bêbungas: kn. ak. wakêd, buntasan.
bungbang: kw. ak. bolong; kc. wungwang.
bungêng: êngg. kn. 1 kropos (tmr. tela lsp); 2 judhêg bangêt.
bunggan: êngg. kn. kc. bonggan.
bungis: kn. ak. congor babi (cèlèng); di-[x] ak: (diukum) diiris lambene.
--- 54 ---
bungkah ~ (busêk).
bungkah: kw. pok, dhasar, sikiling gunung.
bungkak: kn. 1 (lêri [x]) lêri kang sapisanan; 2 ak. ora bêning (tmr. swara); 3 wuwung ing moloning omah joglo; 4 êngg. berag, bungah.
(bungkar): di-[x] kn. 1 didhudhahi (tmr. momotan, kothak lsp); 2 dirombak (tmr. omah), dicopoti (tmr. mêsin lsp); kc. bongkar.
(bungkêm): di-[x] kn. 1 ditutupi cangkême nganggo tangan supaya ora bisa gunêman; 2 pc. diwènèhi ruba.
bungkêr: kn. 1 mlungkêr ora bisa mundhak gêdhe (tmr. têtuwuhan, wowohan lsp); 2 êngg. pc. mêntah, rada gêndhêng.
bungkik: kn. cilik (ora bisa mundhak gêdhe tmr. wowohan, bocah).
bungkil: kn. 1 êmplèng-êmplèngan ampas kacang lsp (sawise dijupuk lêngane); 2 (ut. [x]-an êngg. bongkotan (pring, wit gêdhang).
bungkuk: kn. wungkuk; m-[x]: mbêngkêluk gêgêre.
bungkul: kn. 1 pênthol ing gamparan (têkên, garan payung lsp); 2 wilangan ing bawang (kapas).
bungkus: kn. 1 (ut. [x]-an) buntêlan (nganggo dluwang tmr. têh, rèk lsp); 2 (ut. lair [x]) bayi lair kabuntêl ing kêndhangan; di-[x] (i): dibuntêli nganggo dluwang.

bungkrah: ut. bungkrah-bangkrèh êngg. pc. pating blangkrèh, rusak pating bêsasik.
bungkrèk: êngg. kn. 1 bngs. bungkil; 2 ak. lêlara gudhig, pathèk lsp.
bungkruh: êngg. pc. kuru sarta ringkih (kêrêp lêlaranên).
bungkrung: êngg. pc. bungkuk.
bunglon: kn. bngs. kadhal kang saba ing wit-witan (bisa molah malih warnane); m-[x] pc: molah-malih patrape (kaantêpane).
bungur: kn. 1 januring irung (jaran, kêbo lsp); 2 ar. kêmbang.
bungsu: kw. ragil.
bupala: (S) kw. ratu.
bupati: (S). 1 kw. ratu; 2 kn. panggêdhe pribumi ing tlatah paresidhenan ut. asistèn -rêsidhènan; 3 ar. pangkat sangisoring nayaka (ing tanah Kêjawan).
bupatos: êngg. k. bupati.
bur: I kn. 1 êngg. muspra tanpa tanja (tmr. wragad lsp), ilang; 2 wis ilang ora kêna ditêbus tmr. gadhèn; [x[-[x]-an: barang gadhèn sing wis bur; kc. abur, lêbur. II (W) kn: jara (piranti dianggo nguncêki, gawe bolongan lsp).
burak: I êngg. kn. bubrah; di-[x] êngg: 1 dibubrah; 2 digusah (tmr. manuk kang saba ing tanduran). II (A) kn. ak: jaran arai wong.
burakrakan: êngg. kn. rusak bubrah (pating blangkrèh).
buras: kn. lêlaraning kulit wujud blêntong putih.
burat: (-sari, -wangi) kw. borèh.
burbuwah: (S) kw. 1 ak. bumi lan awang-awang; sirna, rusak.
burdir: kn. bludir.
burêk: êngg. kn. ora cêtha, burêng.
burêng: kn. 1 ora bêning (tmr. gêdhah, pangilon); 2 (ut. burêm). êngg. pc. surêm (tmr. rêmbulan), bruwêt (tmr. pandêlêng); 3 êngg. ak. ora cêtha (tmr. tulisan, gambaran).; 4 êngg. pêtêng tmr. prakara; main [x] pc: nekad ora prêduli apa-apa.
burhan: (A) kn. ak. tandha yêkti, minangka katêrangan.
buri: n. wingking k. 1 (ing [x]) sisih ut. ênêr sing diungkurake, kb. (ing) arêp; 2 perangan kang kari; 3 (ut. [x] omah) pakarangan ing pungkuraning omah; 4. (ut. [x]-[x], têmbe [x]) ing têmbe, besuk; 5 (ut. [x]-[x], pamburine n. pawingkingipun). ing sabakdane, ing besuke; 6 (ut. wong [x]) êngg. wong desa kang ora duwe wêwênang lan ora dikudokake nindakake pakaryan kaya panunggalane; kanca [x] êngg: bojo (somah); putra saka [x]: putra saka sêlir; mêtu [x] pc: silip.
burik: kn. lêkik-lêkik ing rai tilas lara cacar.
buritan: êngg. kn. 1 perangan kang buri; 2 pakarangan buri omah.
bur manuk: kn. ak. lunga ut. alihan tanpa nggêgawa apa-apa.
buru: I êngg. kn. mêntas bae, lagi bae. II m-[x], mbêburu n. mbujêng, mbêbujêng k: 1 mbêbêdhag kewan ana ing alas; 2 pc. ngoyak; 3 br. njangka marang; 4 êngg. mung murih bêcike (kang dipindêng ngêmungake bêcike, kaanane lsp); up. m-[x] sênêng; ke-[x]-[x]: 1 êngg. kêsusu; 2 br. kêtula-tula, tansah sangsara; buron alas: kewan-

kewan ing alas; bêburon: 1 kewan-kewan (kang diburu); 2 pc. wong kang diubêr ing nêgara.
buruh: n. bêrah k. 1 (ut. wong [x] wong kang ngalap opah sarana nyambut gawe; 2 (ut. bêburuh) nyambut gawe sarana opahan (dadi kongkonan lsp); di-[x]-ake: dikon nandangi marang buruh, diopahake marang buruh; [x]-an: opahan marang buruh.
buruh-sawah: (-tani) kn. wong sing buruh nênandur.
buruk: kn. ar. lêlaraning pitik.
burukan: kn. mêmangsaning kewan galak.
burus: kn. 1 tanpa cacad (tanpa soca lsp. tmr.kayu); 2 têmên lan bêcik (tmr. bêbudèn).
buron: n. bujêngan k. kc. buru.
burcèt: kn. ar. manuk bngs. trinil.
bus: kn. pêpindhaning swara wêtuning kêbul, uwab lsp.
(busak): di-[x] êngg. kn. dibusêk.
busalèn: kn. ak. bêsalèn.
busana: 1 kw. rêrênggan, sandhangan; 2 êngg. ki. dandan, sandhangan; dibusanani: 1 dirêngga, disandhangi; 2 êngg. ki. didandani (dianggon-anggoni).
busèt: êngg. kn. 1 munyuk; 2 sabawa mratelakake gumun.
(busêk): di-[x] kn. dibubrah tmr. tulisan ing blabag lsp; [x]-an: bubaran uyêk-uyêkan.
--- 55 ---
busik ~ bobrok.
busik: kn. êlaraning kulit padha nglingkap pating jlêprik; ora [x] pc: ora tatu sêthithik-sêthithika.
buslêng: êngg. pc. slingkuh, ora barès.
busnan: (W) kn. ar. punggawa bêbauning kapal.
busu: I kw. ak. wusu. II êngg. kn. ak:bngs. klênthing mawa tutup.
busuk: kn. 1 ora mangêrti apa-apa (ora ngrêtènan); 2 êngg. mêjên (tmr. mrêcon lsp).
busung: kn. 1 (ut. [x] banyu) lara abuh wêtênge isi banyu, ks. mêtêng; [x] kèkèt: lara abuh sikile (awake kuru); [x] watu: wêtênge abuh mrongkol atos.
but: mak [x] kn. katêranganing mbuwang ngêbutake lsp; kc. êbut.
buta: kn. jinising mênungsa kang gedhe bangêt.
butajêngan: k. butarêpan.
butala: (S) kw. ak. lêmah, bumi; k. buntala.
butamal: kn. ak. barang kang dadi cihna (bab colong jupuk).
butarêpan: n. butajêngan k. tansah duwe pandakwa yèn bojone dhêmên karo wong liya; dibutarêpake: didakwa dhêmên karo wong liya.
butêng: kn. nêpson bangêt.
butuh: n. bêtah k. 1 (ut. m-[x]-ake) pêrlu bangêt arêp migunakake (nganggo, lsp); 2 (ut. ka-[x]-an apa-apa sing pêrlu dianggo (dipigunakake lsp); m-[x](-[x])-ake: 1 njêjaluk marang; 2 êngg. alok-alok ana maling lsp; kc. kêbutuh.

butul: kn. 1 bolong têrus; 2 êngg. anjog ing, têkan ing, jêbul ing; 3 êngg. tamat tmr. crita ing wayang wong lsp; di-[x]-ake: 1 dibolong têrus, dijêbulake; 2 êngg. ditamatake tmr. crita wayang lsp; [x]-an: 1 lawang ing pagêr-bata (kiwa-têngên ut. buri omah); 2 êngg. crita tamating lêlakon.
butun: kn. ar. jêruk.
butoh: êngg. butuh
(bucal): dipun-[x] k. dibuwang.
bucêk: kn. rênyêk kulite (tmr. êndhog, woh lsp).
bucik: kn. tatu ing kulit (kêgarit lsp); [x]-ên: saèm. gudhigên nanging tatune mênga-mênga.
bucu: kn. pêndhukul ut. mêndhukul ing gêgêr.
buthak: I kn. tanpa kathukulan rambut (tmr. êndhas), tanpa katuwuhan sukêt (tmr. puncaking gunung). II êngg. kn: buthêk.
buthêk: kn. ora bêning (tmr. banyu lsp).
buthuk: kn. wiwit arêp bosok (tmr. iwak loh).
buthung: kn. cêthik (tmr. jaran, sapi lsp).
buwah: ut. buwah-buwahan (M) kn. woh-wohan.
buwaya: kn. 1 êngg. ak. baya; 2 pc. wong ala.
(buwak): di-[x] êngg. dibuwang.
(buwal): m-[x] êngg. kn. mêncurat mêtu (tmr. tuk).
buwana: (S) kw. 1 jagat; 2 tanah kang jêmbar; gawe [x] balik pr: ngraman.
buwananên: ut. kabuwanan kn. mêlèk nanging ora bisa ndêdêlêng.
(buwang): di-[x] n. dipunbucal k. 1 diuncalake (supaya ilang, wis ora kanggo); 2 ditibakake (tmr. dhadhu, jala); 3 disèlèhake saênggon-ênggon (tmr. bayi); 4 diukum dilungakake sajabaning sêgara; wis ora dianggo (tmr. tata-cara, padatan, kamanuhan lsp); m-[x] dhuwit: ngêcèh-êcèh dhuwit; m-[x] layang êngg. kirim layang; m-[x] tilas pr: nindakake apa-apa dianggo nylamur supaya ora konangan pialane; mbêbuwang: bêbanyu; buwangan: 1 wong kang dibuwang; 2 barang-barang lsp. kang wis ora kanggo; 3 (ut. pambuwangan) papan kang dianggo ngukum wong buwangan; 4 (ut. pambuwangan) kalenan (bolongan) dianggo ngilèkake banyu sing wis ora kanggo.
(buwara): m-[x] êngg. kn. 1 nglurug nyambut-gawe ana ing liya nêgara, mbêbara; 2 angon nganti adoh.
(buwat): di-[x] êngg. dibuwang.
buwèk: êngg. kn. krowaking tatu (gudhig lsp).
buwèn: êngg. pc. kunjara.
buwêl: êngg. kn. kumêlun munggah (kêbul lsp).
buwêng: (-an) kn. kubênging cakran; [x]-an: 1 cakran, bundêran; 2 plêngkungan.
buwi: (W) kn. kunjara; di-[x]: dikunjara.
buwis: (W) kn. layang katêrangan; bêdhil [x]: bêdhil cilik.
(buwuh): di-[x] êngg. kn. 1 diwuwuhi; 2 disumbang; [x]-an êngg: sumbangan.
(buwoh): êngg. kn. buwuh.

bobab, bobad, bobag: êngg. kn. goroh
bobat: kn. rambuting buntut jaran.
bobuk: êngg. pc. turu (têtêmbunganing bocah).
bobo: I êngg. kn. gapuk, bubukên (tmr. kayu, pring); 2 bubruk (tmr. barang dagangan). II êngg. pc: turu (têtêmbunganing bocah).
bobok: I kn. bngs. parêm dianggo mblonyo awak; di-[x]-i: diparêmi. II di-[x] kn: 1 dibolong (tmr. tembok arêp dianggo lawang lsp); 2 êngg. didhudhah (tmr. cèlèngan); 3 êngg. dibabah.
bobol: kn. bêdhah jêbol (tmr. goni, pagêr lsp).
bobor: êngg. kn. 1 gombyar, ora dadi (tmr. êndhog diêngrêmake); 2 ent. wurung, cabar; 3 ar. jangan; 4 bubruk.
bobot: n. wawrat k. 1 aboting barang; 2 aboting barang kang ditimbang; 3 (watu [x]) watu kang dianggo nimbang; 4 br. kakuwatan (kasugihan lsp); (sa-) [x]-e n. sawawratipun k: ing atase, sênadyana; m-[x]: mêtêng; di-[x]: ditimbang disumurupi bobote; di-[x]-i ak: dijaluki rêmbug; [x]-an ki: ngising.
bobot-timbang: kn. mung gumantung marang ...
bobrak: êngg. kn. rusak bangêt (tmr. omah, dandanan lsp; 2 rusak (tmr. awak); 3 ak.
--- 56 ---
ora dadi (tmr. olah-olahan, gawe apêm lsp); 4 bangkrut (tmr. dêdagangan lsp).
bod ~ (bolos).
bod: kn. 1 êngg. êntèk, rampung; 2 sah (tmr. utang cicilan); di-[x]-i: disahi.
bodin: êngg.kn. tela kaspa.
bodong: kn. 1 mlênto wudêle; 2 êngg. pc, bodho.
boja: (S) kw. pangan, pêpanganan.
boja-krama: kw. nampani dhayoh kanthi pasugatan.
bojana: (S) kw. pista mangan enak.
bojo: kn. garwa ki.sisihaning wong jêjodhoan (laki, rabi); bêbojoan: salaki-rabi.
bojod: kn. bojad sarta jêbol (tmr. tenggok lsp).
bojog: kn.ak. tompo takêran bêras (± 7 kati).
bojrod: êngg.pc. bojod.
bodhag: kn. bngs. tenggok gêdhe cêndhèk dianggo wadhah bêras lsp.
bodhal-badhil: êngg. pc. pating bradhil (-sranthil).
bodhèh: kn. 1 suruh alasan; 2 êngg. kasar, groboh.
bodhèng: êngg.kn. isih akèh pagaweane.
bodhik: êngg.kn. bodhing.
bodhing: kn. bngs. arit dawa.
bodho: kn. angèl mangêrtine marang piwulang; mangsa [x]-a: dak-pasrahake marang; m-[x]: api-api bodho; dibêbodho ak: diapusi; dibodhokake:1 dianggêp bodho; 2 dipasrahake marang.
bodhol: kn. 1 lolos rontog (tmr. wulu rambut lsp); 2 êngg. copot, cêpol; 3 êngg. ak. budhal (padha mangkat).
bodhon: kn. kaya carane wong bodho.

bodhor: êngg.kn. badhut (lêlucon).
bog: kn. 1 pêpindhaning barang tiba; 2 pc.bod, sah; di-[x] pc: 1 diborong; 2 ditohake kabèh.
boga: 1 (S) kw. pangan; 2 êngg.k. jagung.
bogang: kn. akèh kang ompong (tmr. jagung), akèh kang gabug (tmr. pari).
bogèl: kn. 1 cupêt (congklang tmr. klambi, cêndhak tmr. gulu); 2 ak. cabar, ora dadi.
bogêm: kn. 1 ar. woh; 2 cêpukan dianggo wadhah mas intên.
boging: êngg.pc. ompong; 2 tuwa bangêt; kc. bogang.
bogya: (S) kw.ak. pangan.
bogoh: kn. ar. wit.
(bogol): di-[x] êngg.kn. diapusi; kc. bagol.
bogor: êngg.kn. arèn; di-[x]êngg: didèrès.
bohong: êngg.kn. 1 goroh; 2 mblenjani.
boya: êngg.kn. ora.
boyak: êngg.kn. ora.
boyo: êngg kn. ringkih sarta jêmpo.
boyok: kn. peranganing awak antaraning bangkekan karo bokong.
boyong: (-an) kn. alihan ênggon (padunungan omah); di-[x] (i): 1 digawa ngalih mênyang panggonan liya; 2 ak. digawa (ditawan) mênyang ing (tmr. wong têlukan lsp); [x]-an ak: wong-wong kang diboyong (lan ditawan).
bok: I (mbok) kn. biyung. II (mbok) kn: 1 (ut. mbokan êngg.ak) mênawa; 2 (ut.mbok iya) mratelakake pakon alus (pangarêp-arêp, pamuji supaya).III (ut. mbok) êngg: ko-(kok-).
(m)bok-ajêng: (-ngantèn) kn. sêsêbutaning wong (bocah) wadon kang golongan têngahan.
(m)bok-ayu, bakyu: kn. sêdulur wadon kaprênah tuwa.
(m)bok-bèn: pc. karêbèn.
(m)bok-bilih: kn. 1 bok mênawa; 2 ak. yèn, mênawa.
(m)bok-bok: êngg.pc. sabawa mratelakake gumun.
(m)bok-gêdhe: n. mbok-agêng k. 1 siwa wadon; 2 êngg. êmbah wadon.
(m)bok-mênawa: n. mbok-mênawi k durung karuwan kêlakon.
(m)bok-mas: kn. sêsêbutaning wong wadon tuwa ora dhuwur pangkate.
(m)bok-nom: kn. bojo kang ênom (tmr. wayuh).
bokong: kn. pocong ki. daging kang ngapit jubur (sangganing linggih); di-[x]-i pc: disangga wragad kabutuhane (tmr. anak mantu kang isih magang lsp); [x]-an: 1 pèrèngan tanggul lsp; 2 nganggo bokong (tmr. wayang).
bokor: kn.ar. wadhah saèm. cêmung nganggo sikilan.
(m)bok-tuwa: n. mbok-sêpuh k. bojo kang tuwa (tmr. wayuh).
(m)bok-cilik: n. mbok-alit k. sadulure wadon wong tuwa kang kaprênah ênom.
bol: I kn. pungkasaning usus (ing jubur).II kn: 1 êngg. pc: plintiran lawe (dianggo ndondomi lsp); kc. bênang.

bolak-balik: êngg.kn. mênyang mulih, bola-bali; mbolak-mbalik: mingar-mingêr (têtêmbungane lsp).
bolèd, bolèg: êngg.kn. 1 kêtela pêndhêm; 2 kêtela kaspa; mbolèd pc: dhuwur sarta kuru (tmr. pawakan).
(bolèh): di-[x]-i, dibolèhi kn.ak. 1 êngg. dielikake, 2 dirêmbugi supaya mbangkang (gêlêm ngurungake karêpe lsp).
bolèng: I ut. bolèngên kn. lêlaranên atos (tmr. têbu, pala kêpêndhêm). II di-[x] êngg.kn: dikêlèti, dibèlèh.
bolèr: kn. bngs. urèt cilik sok mangan wowohan, kelor lsp; [x]-ên: dipangan ing bolèr (tmr. wowohan lsp).
bolèt: êngg.ak. tela kaspa.
bolu: kn. ar. têtuwuhan sarta wohe; [x] rambatan lêmah pr: prakara kang embet-embetan tanpa wasana.
bolong: kn. 1 mawa cêplongan têrus, kb. buntu; 2 (atine [x]) wis lêga ut. wis têrang pangêrtine.di-[x](-i): dicêmplongi têrus; [x]-an: cêmplungan, lompongan.
bolor: kn. bolèr; [x]-ên: bolèrên; 2 êngg. loro pilêg tmr. jaran.
(bolos): m-[x] kn. lunga dhêdhêmitan (tanpa pamit saka jagongan, pamulangan lsp).
--- 57 ---
bolot ~ borong
bolot: (ut. kokot-bolot) kn. dhangkal (rêrêgêd sing kêlèt ing badan); [x]-ên (ut. kokot-bolotên): rêgêd dening akèh dhangkale.
bom: (W) kn. 1 piranti pêrang dijêblukakake kanggo ngrusak bètèng, matèni mungsuh lsp; 2 mrêcon gêdhe (kang swarane bantas bangêt).
boma: (S) kn. 1 awang-awang, langit, cs.0; 2 ak. kobongan (pêturon); 3 ak. sukêt garing.
(bombang): kê[x] kn. rumangsa pakewuh ut. rêkasa (dening ditinggal ing rewang lsp).
bombong: (-atine) êngg. mantêp, sênêng, bungah; ora [x] êngg: ora kêpenak (lara); di-[x]: 1 digarap sarta diajokake (tmr. jago); diajokake supaya dipilih (tmr. calon lurah lsp); 2 dialêm supaya mantêp sarta wani; m-[x] prakara: ngêmbani prakaraning liyan ana ing pangadilan.
(bombrong): m-[x] kn. durung jêjungkat lan durung dandan (tmr. wong wadon).
bon: I kn. bngs. wudun ing pupu; kc. turukbon.II (W) kn: girik cathêtan têtuku (ut. utang); ngêbon: 1 têtuku sarana utang; 2 lêngganan layang kabar. III (W) pc: pakumpulan (bal-balan lsp); di-[x] pc: dijaluk tulung supaya mèlu ngrewangi (bal-balan lsp).
bonang: kn. ar. rêrincikaning gamêlan wujude kaya kênong cilik-cilik ditata jèjèr-jèjèr ing rancakan.
bonjor: êngg.kn. bumbung dawa.
(bondhan): m-[x] kw.ak. njogèd, m-[x] tanpa ratu. pr: tumindak sasênênge dhewe (ora mrêduli anggêr-anggêr lsp).
bondhèt: kn. ar. gêndhing; m-[x]; [x]-an kw: nggubêl marang, gandhèng.
bondhol: kn. ar. manuk; m-[x] êngg: nggembol, ngandhut.

bondhotan: (ut. bêbondhotan) kn. têtuwuhan kang rumambat ulêt-ulêtan.
bonekah: kn. anak-anakan (lmr. wêton ngamanca).
bonên: kn. lara bngs. wudun ing wlakang; kc.bon.
bontèng: êngg.kn. timun.
bonto: kn. 1 êngg. bosok; 2 ks. bodho.
bontos: kn. 1 êngg. pungkasan (ing barang sing dawa) 2 br. buntas, wêkasan.
bontot: I (ut. [x]-an, pam-[x]) êngg.kn. wragil II di-[x] êngg.ak: dibuntêl sarana ditalèni ing bongkot, pucuk lan ing têngahe; [x]-an êngg.ak. buntêlan kang dibontot.
(boncèng): m-[x] êngg.kn. 1 nunut nunggang ana ing buri; 2 pc. nunut; di-[x]-i êngg: dinunuti nunggang ing buri.
boncèhan: pc. gudhigên lsp. pating bênyinyih.
bonyoh: êngg.kn. borèh, parêm.
bonyok: kn. 1 rêmak-rêmak arêp bosok (tmr. wowohan); loro (ut. [x]-ên) gudhigên ngêmu banyu (ing êndhas).
bong: I kn. tukang nêtaki. II pc: 1 ayo; 2 êngg.turu (têtêmbungan bocah). III kn: kuburan Cina.
bongbong: êngg.kn bungah; kc. bombong.
bonggan: kn. salahe dhewe; di-[x]-ake: diarani yèn marga salahe dhewe.
bonggol: kn. bongkoting wit gêdhang, tela lsp.
(bongkak-bangkèk): di-[x] kn. digonta-ganti (tmr. pêpanganan lsp).
bongkang: kn. ar. kewan gêgrêmêtan.
(bongkar): di-[x] êngg.pc. dibungkar; [x]-an êngg: patêbon sing wis dirêmbang; kc. bungkar.
bongkèng: kn. lêlaranên atos (tmr. têbu, wowohan lsp).
bongko: kn. ar. lawuh sing digawe gudhe (kêdhêle lsp).
bongkok: I kn. papah krambil. II (ut. [x]-an) kn. bêntèlan barang kang dawa-dawa (ditalèni); di-[x]-(-i): dibêntèli (tmr. barang kang dawa-dawa).
bongkor: (-an) êngg.kn. ora digarap mênèh (tmr. babadan).
bongkot: (-an)kn. perangan kang pungkasan (tmr. barang kang dawa, pring, têbu lsp); ora ngêrti [x] pucuke: ora wêruh mula-bukane apadene kawusanane.
bongkrah: êngg.pc. bubrah;kc. bungkrah.
bongkrah-bangkrèh: êngg.kn. pating blengkrah.
bongkrèk: êngg.kn. bngs. bungkil; [x]-an êngg: buwangan têbu.
bonglot: I kn. bolot. II kw: lunga, sumingkir.
bongoh: kn. katon bêcik nyênêngake (tmr. pawakan, rêrênggan lsp).
bongsor: êngg.kn. longgor, wlaga (gêlis gêdhe).
bopati: pc. bupati
bopong: I kn. ar. ulêsing jaran (kuning sikile irêng). II di-[x] kn: digawa sarana ditumpangake ing tangan loro; [x]-an êngg: jago kang diwènèhake marang lurah nalikane duwe gawe mantu lsp.
bor: (W) kn. blabag panulisan (-tèkên lsp).

borah-barèh: kn. pating blengkrah ora tata.
boral: êngg.kn. royal.
boran: (mboran) êngg. kn. bok manawa.
borang: kn. pring lsp. dilincipi dianggo masangi wong mlaku (supaya kêcublês).
borèh: kn. konyoh ki: campuraning atal, kêmuning, pandhanwangi lsp dianggo blonyo awak.
borêg, borêk: (W) kn. 1 tanggungan (tmr. utang lsp); 2 tukang nêbas pamêtuning têtanèn. lsp; 3 êngg.pangrèh pangarêping pirukunan; 4 êngg. tukang nampani barang colongan; di-[x]: ditêbas.
borok: kn. bngs. gudhig ing êndhas; [x]-ên: nandhang lara borok.
borong: I êngg.kn. bodho; mangsa[x]: mangsa bodhoa. II di-[x] kn: 1 ditêbas (tmr. pagawean lsp); 2 dituku kabèh; 3 (ut. di-[x]-ake)
--- 58 ---
dipasrahake marang (tmr. pêgawean); [x]-an: (pagaweaan, garapan, barang-barang lsp) kang diborong(-ake).
boros ~ bral-brol.
boros: I kn. ora irit (panganggoning dhuwit, barang lsp); m-[x]-i ut. mbêborosi: njalari boros, ora irit. II kn: bung kunci (sok dianggo gudhangan).
borot: I kn. bocor (tmr. wadhah, cèrèt lsp). II m-[x] êngg. pc.lunga dhêdhêmitan.
bos: I mak [x] kn. nywara kaya wêtuning angin, gas lsp. II (W) kn: bêngkakan. III kn: pungkasaning indhên (tancêbaning rujining rodha).
bosah-basih, bosah-basèh: pc pating bêsasik, pating blèngkrah.
bos-bosan: êngg. pc. bolongan.
bosên: kn. wis jêlèh (marga wis kêrêp mangan, nganggo lsp); m-[x]-i: njalari bosên.
bosin: êngg. kn. sêbêl, siyal (ênggone mbêburu lsp).
boso: kn. ar. iwak loh.
bosok: kn. bènyèk ngatarani arêp rusak (tmr. wowohan lsp); m-[x]-i: 1 lagi wiwit arêp bosok; 2 dagangan sing wis ora payu; 3 ak. wis sah mbayar sewan palêmahan.
boswahtêr: (W) kn. panjaga alas (pêjatèn lsp).
boswèsên: (W) kn. urusan babagan alas pêjatèn, tutupan lsp.
bot: I n. wrat. k ak. bobot, abot; [x] repot: karibêdan, kangelan (pakewuh). II êngg. kn: wis sah (tmr. cicilan utang, kontrak lsp).
botêl, botol: (W) kn. gêndul.
botên: k. ora.
botoh: kn. 1 wong sing adu-adu (main); 2 ent. wong sing njagohi (ngrewangi supaya bisa kêpilih lsp); 3 ut. bêbotoh êngg. ak. wong sing ngêmbani prakara; bêbotohan: 1 totohan; 2 ut. ngabotohan) main nganggo toh (dhadhu, kêrtu lsp).
botol: I kn. butul, mawa bolongan ing dhasare. II ut. botêl kn: gêndul.
botor: kn. isi kêcipir.
botrawi: kw. blumbang (ing patamanan lsp).
bot-repot: kn. karibêdan, kangelan; kc. bot.

bocah: n. lare k. 1 wong sing isih cilik (durung ngumur); 2 anak (ent. turun, murid, kalerehan); 3 êngg. batur lanang (sing isih cilik); m-[x]-i: kaya bocah.
bocèl: êngg. kn. cowèl.
bocok: êngg. kn. akèh tatune (ing rai, êndhas); kc. bonyok.
bocong: ki. bokong.
bocor: êngg. kn. 1 borot, trocoh; 2 nggantêr (kêrêp ngocèh); 3 ks. sugih omong.
bothèkan: kn. saèm. pêthi mawa slorogan dianggo wadhah jamu lsp.
bothi: êngg. ak. kêba, kanthong klasa bangka.
bothok: kn. ar. lêlawuhan sing digawe parudan krambil; di-[x] êngg: digawe lênga klêntik (tmr. krambil).
bowèk: êngg. kn. krowak, krowok; di-[x] êngg: dibolong, dikrowok.
bowol: kn. bobol (jêbol tmr. kanthong, goni lsp); di-[x]-i: diboboli.
bowong: kw. ak. macan.
bra: kw. sorot, cahya.
brabadan: êngg. kn. (bêbakulan) bumbu-bumbu lan kabutuhaning omah.
brabah: kn. braok, crawak (yèn gunêman sêru).
(brabak): m-[x] kn. 1 matane kêmbêng-kêmbêng arêp nètèsake luh; 2 abang raine dening muring bangêt.
(brabas): m-[x] kn. enggal rumêsêp (asat) tmr. banyu lsp; 2 tambas ngêmbês (tmr. angin ing ban pit lsp).
brabat: mak [x] kn. sanalika mlayu bantêr; kc. brèbèt.
brabèh: êngg. kn. rêkasa; 2 (ut. kêbrabehan) juwèh, dhêmên nyatur.
brabon: êngg, ak. bngs. barang sêmbêt kang dikêthèl ing kudhu.
braja: kw. 1 gêgaman; 2 ak. barat gêdhe; sumêngka pangawak [x] pr: kumawani, kumêndêl.
brajag: êngg. kn. ak. borang; 2 wong kang dadi pangarêp (jêjênggul); di-[x]-i êngg: disêlani ing tanduran liya; kc. ajag.
bradhat: mak [x] kn. sanalika mlayu bantêr; m-[x] 1 mlayu bantêr (minggat, lunga); 2 nyolong raja-kaya ana ing pangonan.
bradhil: pating [x], m-[x] pc. pating jriwut ora alus.
brag-brèg: kn. pêpindhaning swaraning gêdhèg lsp. ditêbak.
brah: êngg. kn. njênggar sumêbar, mratani.
brahala: kn. rêca lsp. kang disêmbah-sêmbah.
brahat: kn. slamêtan ing sasi Ruwah.
brah-brèh: êngg. pc. ngêbrèh, ora gêmi.
brahi: pc. birahi.
brahmana: (S) kw. (gêgolonganing) pêndhita.
brahmani: (S) kw. brahmana wadon.
brahmacari, brahmanacari: (S) kw. ak. brahmana isih murid.
brai: pc. birahi.
brayan: kn. 1 (ut. bêbrayan) êngg. padha rêrukunan (njangka, nindakake); 2 bêbrayatan, rêrukunan sêsomahan; 3 ak. sabên; ke-[x] ak: sugih anak (sanak).

brayat: kn. sanak sêdulur sabatih (tunggal saomah); bêbrayatan: sêsomahan.
(brayut): di-[x] kn. 1 ditalèni (diêrut) dadi siji; 2 digendhong lan diêmban (nggawa bocah luwih saka siji).
brak: I kn. katêranganing jarit suwèk lsp. II (W) êngg: gêdhong kumpêni (pajagan, pasimpênan lsp).
brakara, brakatha: kw. ak. sulung.
brak-bruk: kn. sabawaning nyênyèlèhake mung ditibakakе bae.
brakithi: kw. ak. sêmut.
(brakot): di-[x] kn. dicakot (tmr. kewan), dikrokoti (tmr. wowohan).
bral-brol: kn. pêpindhan swara ut. katêranganing apa-apa kang mêtu (bêdhol lsp).
--- 59 ---
brama ~ (brèngkèl).
brama: êngg. kc. gêni.
bramana: kw. kc. brahmana.
bramanta: (S) kw. ak. bingung, kêkalahan.
bramantya: kw. nêpsu bangêt.
bramara: (S) kw. tawon (kombang).
bramataya: kw. ak. nêpsu bangêt; kc. bramaantya.
brama-corah: êngg. ak. wong kang kêna ing dakwa dianggo nglari kang pancèn kêluputan.
brambang: kn. 1 bngs. bawang rupane abang; 2 ar. lêlaraning pari; m-[x](-i) pc: kêmbêng-kêmbêng arêp nangis.
brambêt: êngg. k. brambang.
braminta: kw. susah, sêdhih, bingung; kc. bramita.
bramita: (S) kw. bingung, klambrangan, susah.
bran dina: êngg. ak. sabên dina.
brana: I (ut. raja-brana) kn. bandha kasugihan. II kw: tatu; kêbranan kw: kêtaton. III m-[x] êngg: mrana.
(branah): m-[x], (be-)[x]-an kn. sugih anak, tangkar-tumangkar akèh.
(branang): m-[x] kn. abang bangêt; kê-[x]: 1 kêbrongot; 2 ent. kêbrangas (sanalika nêpsu).
(brandhang): m-[x], [x]-an êngg. kn. ora kêna disêmayani (tmr. panjaluk, kabutuhan).
(brandu): m-[x] êngg. ak. utang tanpa nganaki; kc. brandon.
branduwin: (W) kn. ar. inuman kêras.
brandon: (-an) pc. têtuku bêbarêngan, bathon dêdagangan.
branjang: (-an) kn. lêmpung campur karo wêdhi.
branjangan: kn. ar. manuk.
brandhal: (-an) kn. wong kang gawene ngrêrêbut (njarah-rayah); [x]-an: 1 (ajar) pêrang lèrès; 2 êngg. jèlungan.
brani: (M) pc. wani, kêndêl.
branta, branti: (S) kw. kêsêngsêm, kedanan.
branta-mara: kn. ar. têmbang gêdhe.
brancah: kn. ora tampikan (wong wadon ut. wong lanang).
brancuh, brancoh: kn. ak. carub dadi siji (ala bêcik campur).

branyak: m-[x] kn. lancap sarta ndhangak (tmr. wêwangunaning polatan).
brang: wc. sabrang; [x]-wetan (-lor, -kulon, -kidul): sisihing kali kang wetan (lor, kulon, kidul).
(brangas): m-[x] kn. ak. 1 manasi, nggosongake; 2 gawe muring; ke-[x]: 1 gosong kêna ing gêni; enggal nêsu marga digêgasah; 3 enggal katon tuwa marga kêrêp susah (muring); [x]-an: gampang nêpsune.
brang-brèng: kn. pêpindhan swaraning blèg, gêmbrèng lsp.
brangah: kn. 1 cêcawangan njênggar (tmr. sungu mênjangan); 2 ar. wanguning wrangka ladrang; 3 (wong [x]) êngg. wong tani sing duwe raja-kaya.
brangkal: kn. 1 prongkalan wadhas, watu lsp; 2 (ut. [x]-an) ak. wong ukuman sing dikon nyambut gawe ngêbrug (ngrata lsp) dalan.
(brangkang): m-[x], [x]-an kn. mlaku sarana tangan tuwin dhêngkul.
brangus: kn. brongsong cangkêm supaya ora nyokot (tmr. jaran, asu); di-[x]: ditrapi brangus.
brangsang: êngg. kn. prungsang, sumuk.
brangta, brangti: kw. kêsêngsêm, kedanan.
(braung): m-[x], [x]-an êngg. kn. lunga saparan-paran.
braok: (ut. broak-braok) kn. yèn gunêman sarwa sêru.
bras: pc. bêras.
brasak: kn. 1 (wedhi [x]) wêdhi kang kasar; 2 êngg. ak. kasar, ora alus (tmr. tata-krama).
(brasat): di-[x] kw. diplayokake, dibandhang; ke-[x] kw: kêplayu, katut bablas.
brastha: (S) kw. rusak, sirna; cs. 0.
brat: kw. ak. 1 prasêtya; 2 tapa, pasa.
bratayuda: kw. 1 pêrang padha kadang; 2 pêrang pungkasan.
bratawali: kn. ar. têtuwuhan godhonge pait bangêt.
brati: I êngg. kn. bngs. bèbèk (anak bèbèk karo enthok). II (S) kw. ak: wong kang tapa (prasêtya).
bratu: kn. ak. dhuwit kang diutangake (supaya bisa têrus main ut. dianggo êmpingan buruhan).
bratos: êngg. k. bratu.
bracok: kn. tampar ing cangkêm jaran.
brawala: kw. pêpadon, congkrah.
(brawuk): m-[x] kn. ak. ngabuk, ndhaku darbèking liyan.
(brèbèl): di-[x](-i) pc. diwènèhi dhuwit lsp. sêthithik-sêthithik.
(brèbès): m-[x] kn. ak. 1 ndlèwèr (tmr. luh); 2 mili tumular (tmr. tulisan mangsèn).
(brèbèt): sa-[x](-an) kn. satleraman, sakêclapan.
(brèjèl): m-[x] m-[x] pc. saèm. mbrojol (mêtu); ke-[x] pc: kêwêtu têmbunge kang pancèn ora dikandhakake.
brèg: kn. pêpindhaning swarane barang digébrag lsp).
(brèh), ngêbrèh: pc. ora gêmi.
breya-breyo: êngg. kn. pating slêmbrèh (sandhang panganggone ut. rambute).

(breyot): m-[x] kn. rêkasa panggawene marga abot (gêdhe bangêt).
(brèndhèl): m-[x]-i êngg. kn. padha bodhol wulune (rambute, godhonge); kc. brindhil.
brèndhi: (W) kn. ar. inuman kêras.
brene: (mbrene) pc. mrene.
(brèntèk): m-[x] êngg. kn. nular-nular (tmr. gêni); kc. prèntèk.
brèncèk: êngg. kn. dodolan eceran.
brèng: kn. pêpindhan swaraning gémbrèng lsp.
brènggèh: kn. ak. 1 branggah; 2 ora barès, jail (tmr. wêwatakan).
(brengkal): di-[x] kn. 1 diungkabi sarana dijongkèng lan diglebagake; 2 pc. digugah kanthi pêksa.
(brèngkèl): m-[x] êngg. kn. ngèngkèl, sênêng madoni; [x]-an êngg: palêmahan ênggone babad dhewe; kc. bringkil.
--- 60 ---
brèsèt ~ brêtya.
brèsèt: kn. 1 licik, ora mêmpêng (tmr. jago tarung lsp); 2 gampang dhêmên marang wong liya.
brèt: kn. pêpindhan swaraning barang suwèk lsp.
brètèh: êngg. kn. grètèh.
brètèn: êngg. ak. climèn.
brewa-brewo: kn. ora tata ênggone mênganggo.
brèwu: pc. sugih bangêt.
brewok: kn. godhèg kêtêl sarta dawa (wrata ing gulu lsp).
brêbah: êngg. k. brubuh.
brêbêg: kn. rasaning pangrungu kang kêtaman ing swara sing rame bangêt; m-[x]-i (-kuping): njalari brêbêg marang kuping.
brêbêk: kn. gapuk sarta padha rontog tmr. kayu; [x]-an: rontogan kayu sing brêbêk.
(brêbêl): m-[x] kn. ak. tansah tumètès mili (tmr. luh, gêtih).
(brêbês): m-[x] êngg. kn. 1 mili tambas; 2 tansah mêtu banyune (tmr. mata); m-[x] mili: kêmbêng-kêmbêng arêp nangis.
brêbêt: mak [x] kn. 1 katêranganing swaraning barang suwèk; 2 sanalika liwat rêrikatan (tmr. ambu, swara).
brêjêl: ks. lair (mêtu).
brêg: mak [x] kn. 1 rubuh sanalika; 2 bêbarêngan akèh bangêt.
brêgada: kn. ak. golonganing prajurit.
(brêgadag): m-[x] kn. abang sêmu kuning (tmr. rambut, godhong lsp).
(brêgajag): m-[x], [x]-an êngg. kn. nyak-nyakan kurang ajar.
(brêgagah): m-[x] pc. mbêbungah; 2 nyanggêmi.
(brêgandang): di-[x] êngg. pc. diglandhang, diuja lsp.
(brêganjok): m-[x] êngg. pc. ngewuhake (tmr. bêbudèn).
brêgas: (ut. m-[x] kn. 1 katon sigrak; 2 katon bêcik.
brêg-brêgan: pc. sanalika bêbarêngan akèh bangêt.
(brêgènggèng): m-[x] pc. mbêgènggèng.
brêgêdèl: kn. ar. lawuh kang digawe cacahan iwak karo kênthang.
(brêgêdud): m-[x] pc mbêgêgêg.
(brêgundung): m-[x] kn nekad ngguguu karêpe dhewe.

brêk-brêkan: kn sanalika bêbarêngan akèh bangêt.
brêkah: kn bêrkah.
brêkasakan: pc bekasakan.
brêkat: kn bêrkat.
brêkêtepe: êngg. kn blêkêtepe.
(brêkêcak, brêkêcêk): m-[x] kn: mbêkêcêk.
brêkik: pating [x] kn padha mbêngok; kc.bêkik.
brêm: kn (banyu [x]) êngg. ak. bngs. inuman kêras kang digawe duduh tape; 2 ar. panganan kang digawe kênthêlan duduh tape; 3 ar. kewan bngs.ampal cilik.
brêmana, brêmani: kw kc. brahmana, brahmani.
brêmantya: kw kc. bramantya.
brêmara: kw kc: bramara.
(brêndang): m-[x], [x]-an kn blêjogan, kêsusu, dadakan.
brênjul: kn pêndhukul; m-[x]: 1 mêndhukul, ora wrata; 2 ak. wangkod, ora manutan.
brêndhil: pating [x] kn 1 akèh sêsindhêtane (tmr. tali lsp(; 2 akèh gêgawane (buntêlan cilik-cilik).
brêndhol: pating [x] pc padha mbêndhol.
brêntêl: kn ar. gêdhang; [x]-[x] pc: cilik mêmpuh-mêmpuh.
brênti: êngg. kn gêmi; 2 mandhêg.
brêntos: êngg. k brênti.
brênyèh, brênyihên: êngg. kn gudhigên pating bênyinyih.
brêng: mak [x] kn 1 (ut. [x]-[x]-an) mambu ora enak; 2 pc. lunga (mangkat) bêbarêngan.
(brêngangah): m-[x] pc katon abang (tmr. rai).
(brêngangang): m-[x] kn 1 katon abang cahyane (tmr. rai); 2 nywara sêru (tmr. sêndharèn, sawangan lsp).
(brêngêngêng): m-[x] kn 1 nywara gumrênggêng (tmr. tawon lsp); 2 pc. tansah nangis (tmr. bocah cilik).
brêngga-rowa: kn 1 akèh sanak-sêdulure; 2 sugih bangêt.
(brênggèl): m-[x] êngg. kn: ana kang mêndhukul, ora lurus wrata.
(brêngkele): m-[x] kn mung mikir (ngrêmbug, golèk) butuhe dhewe, ora gêlêm ngalah.
(brêngkêlo): m-[x] kn nggêgêgi panêmune dhewe, ora nggugu ujar.
(brêngkiyêng): m-[x] kn kêncêng tmr. pawakan; kc. bêngkiyêng.
(brêngkunung): m-[x] pc nggugu karêpe dhewe; kc. bêkunung.
(brêngkut): m-[x] kn 1 mikul (nggêgawa) abot bangêt sarta akèh; 2 nyrêmpêng tumandang ing gawe.
brêngkutis: kn. ak ar. kewan bngs. ampal kang mangan sêsukêr.
(brêngungung: m-[x] kn nywara anggrung ana ing awang-awang ut. kêprungu saka kadohan.
brêngok: pating [x] kn padha mbêngok ut. nywara sêru; kc. bêngok.
brêngos: kn. rawis ki rambut ing sadhuwuring lambe.
brês: mak [x] kn 1 sanalika udan dêrês bangêt; 2 sêpisan bêbarêngan ut. sêpisan rampung (tmr. nyaur, têtuku lsp).
brêsat: pating [x] kn. ak pating slêbar pêpisahan.

brêsi, brêsih: êngg. kn rêsik; kc. bêrsih.
brêsihan: kn wadhah prabot pirantining macak (pupur, wêdhak lsp).
brêsih-desa: n. brêsih-dhusun k karamean lan slamêtan ing padesan sabên taun (lmr.gêgayutan karo kramatan ing desa lsp. ut. mbênêri dina adêging desa).
(brêsot): m-[x] kn. ak têrus lunga ora mrêduli apa-apa.
brêt: mak [x] kn katêrangan apa-apa sing suwèk.
brêtya: (S) kw. ak wadya-bala, batur.
--- 61 ---
brêtyapati ~ brok.
brêtyapati: (S) kw. ak senapati, lêlurahing prajurit.
brêcuh: êngg. kn gunêman crêmêdan.
bribah: (-an) êngg. k owah-owahan; kc. brubah.
bribik-bribik: kn lagi wiwit saka sêthithik.
bribil: kn êndhil, satêngah sèn.
bribin: kn 1 (ut. mbribèni) êngg. ak. nywara rame; 2 (ut. [x]-[x]) êngg. nganggo kandha-kandha marang; mbribèni: (nywara) njalari tangining wong turu.
briga-brigi: kn bêgita-bêgitu tandang-tanduke (marga nêpsu).
(briyêng): m-[x] êngg. pc ngêlu, mumêt.
(briyut): m-[x] êngg. kn 1 mbliyut (ngantuk bangêt); 2 mbiyêt (akèh wohe).
brikar: êngg. pc kêrtu-pos.
bril: êngg. kn bribil.
briman: ut. bêbriman êngg. kn ngêmis; kc. priman.
brindhil: kn 1 padha gogrog rambute (godhonge); 2 êntèk rambute (godhonge); 3 ent. êntèk bandhane (barang-darbèke); m-[x]-i: padha gogrog rambute (godhonge, wulune).
brintik: kn pating prênthêl (tmr. rambut).
bringkang-bringkung: êngg. kn jiguh, sêmu rikuh.
bringkil: êngg. kn pringkil; m-[x] êngg: 1 sênêng madoni, ngèngkèl; 2 tansah melik darbèking liyan; kc. brèngkèl.
(bringkung): m-[x], pating [x] êngg. kn (padha) mlaku tumungkul.
(bringkut): m-[x] pc brêngkut.
bringsang: êngg. kn prungsang (panas bangêt).
bris: kw simbar dhadha.
(brisik): m-[x]-i êngg. kn nywara rame; kc. bribin.
brito: (W) kn bobote barang dagangan sabuntêle lsp. (dudu rêsike bae).
bricik: êngg. kn melikan sarta jail.
briwêt: êngg. kn: sêdhih bangêt; kc. bruwêt.
briwitan: êngg. kn saka sathithik.
brubah: 1 êngg. kn owah, ganti (tmr. pranatan lsp); 2 kw. kagèt, susah; [x]-an êngg: owah-owahan.
brubuh:, pêrang [x] kw pêrang amuk-amukan akèh kang mati; di-[x](-i) kn: ditêgori, dipêdhangi lsp. nganti padha rubuh.
(brubuk): m-[x] kn padha mêtu bêbarêngan tanpa kêndhat.

(brubus): m-[x] êngg. kn: mêtu njêdhul, mêtu nywara bus-bus (tmr. kukus lsp); di-[x]-i êngg: digodhog dhisik supaya ilang sêngake (tmr. janganan lsp).
brubut: pating [x] pc: padha mlayu (lunga).
brujul: kn bngs. wluku sing singkale ora ngglebagake lêmah (mung dianggo ngadhuk); di-[x]: diwluku nganggo brujul.
brug: I kn pêpindhan swaraning barang antêp tiba; 2 kayu (wêsi) digarani dianggo madhêtake lêmah; di-[x]: dipadhetake sarana brug. II êngg. kn: krêtêg.
bruk: I kn 1 pêpindhan swaraning barang ambruk, rubuh lsp; 2 katêranganing nyênyèlèhake barang sêmbêt lsp. mung satiba-tibane bae; di-[x]-i: dirubuhi, ditibani barang kang antêb. II êngg. pc: kathok.
brukut: kn rapêt bangêt (ênggone nutupi, nggêdhègi lsp); di-[x]-i: ditutupi (digêdhègi lsp) nganti brukut.
brul-brulan: pc mbrubul, brol-brolan.
brumbun: kn (pitik kang) wulune lêmbut-lêmbut.
brumbung: I (ut. [x]-an kn bumbungan (pipa dalan banyu lsp). II m-[x] kn: mêntas manak tanpa pambêngan banjur mêtêng manèh.
brunjung: kn êmpyaking omah joglo kang dhuwur; m-[x]: awangun lancip (tmr. êmpyak, payon lsp).
brundhul: êngg. kn tanpa rambut (wulu); kc. brindhil.
(bruncah): di-[x] kn. ak dibage-bage tmr. wowohan, panganan lsp.
brung: pc katêranganing lunga (mabur lsp) bêbarêngan.
brungkah: I kn kayu oyod, tunggak saoyode (wit, pring). II m-[x] kn: mari pasa (lèrèn ênggone sêsirik).
(brungkus): di-[x] êngg. kn. ak dibuntêl, (diwungkus; kc. brongkos.
brungkut: êngg. kn brukut.
brungut: êngg. kn mêncungul, ngaton.
brus:, mak [x] kn sanalika tumbuk; kc. gabrus.
brusahan: êngg. kn. ak susah ut. kuwur (dening pasulayan lsp).
brutu: kn janggêling buntut pitik, manuk lsp.
bruncèl: pating [x] kn padha tatu lsp. pating crowèl.
(bruwah): m-[x] pc mêmangan apa-apa sasênênge (sabakdane sêsirik ut. pasa).
bruwang: kn ar. kewan galak.
bruwès: kn. ak godhèg lan brewok.
bruwêt: kn 1 ora cêtha pandêlênge; 2 ent. kuwur, susah.
bruwun: pc rambut pating jriwut; kc: mruwun; m-[x] êngg: golèk jêjanganan ana ing pakêbonan ut. patêgalan; mbêbruwun pc: ngêntèk-êntèkake dhuwiting liyan.
brobah: êngg. pc brubah.
(brobol): m-[x] êngg. kn mbrojol, mêtu saka ing bêdhahan lsp.
(brobos): I m-[x](-i) kn mbrangkang nlusup (mêtu, mlêbu) ing bolongan ut. ing sangisoring apa-apa; [x]-an: bolongan ing bêthèk lsp. (dianggo mbrobos). II di-[x]-i êngg kn: dibrubusi.
brojol: kn padha bodhol.
brog: mak [x] kn pêpindhan swaraning barang tiba lsp.

brohak-brahok: kn gunêman sêru; kc. braok.
(broyot): m-[x] êngg. kn mbreyot (abot gêgawane).
brok: pc dhok-dhokan (panggonan ancêring
--- 62 ---
jèlungan lsp); ngê-[x]: 1 manggon, ndheprok; 2 ora gêlêm muluk tmr. layangan; 3 ks. ngising ngênggon; di-[x]-i pc: diênggoni, disur ênggone.
brokoh ~ dadi.
brokoh: I êngg. kn kranjang mawa sikilan (dianggo mêmikul). II di-[x]-i kn: dislamêti nganggo pala-kêpêndhêm, êndhog lsp. (tmr. bayi kang mêntas lair lsp); [x]-an: 1 slamêtan mbrokohi bocah lsp; 2 êngg. pitulungan nggarap sawahing lurah desa.
brol: mak [x] pc sanalika bêdhol (jêbol, mêtu bêbarêngan); kc. ambrol.
brol-brolan: kn padha mêtu bêbarêngan akèh bangêt.
brom: (W) kn bngs. praba (sing digawe dudu mas).
brombong: (-an) êngg. kn brumbung(-an).
brondong: kn jagung gorèngan; m-[x]: ngunèkake mrêcon (bêdhil) nggêjêg swarane; bêbrondongan: nywara ambal-ambalan (tmr. mrêcon, bêdhil).
bronjong: kn 1 kranjang dawa gilig (wadhah babi lsp); 2 (ut. [x]-an) kranjangan pring (kawat lsp) diisèni watu dianggo mbêndung kali (ut. pikukuhing tanggul); 3 êngg. bngs. icir.
brondhol: kn tanpa wulu; [x] êngg: turahan (kêthokan) têbu sing dirêmbang; kc. brindhil.
brunêng, broning: (W) kn bngs. kêstul.
brontak: pc ngraman, nglawan panggêdhe.
brontok: kn pating pruntus marga kukulên lsp. (tmr. kulit).
brongkal: (-an) êngg. kn prongkal(-an)
brongkos: kn ar. jangan; di-[x] êngg: dibuntêl, dibungkus; [x]-an êngg: brongsongan (woh lsp).
(brongot): di-[x] kn diobong sêthithik (dinyunyuk gêni murub).
brongsong: kn 1 krênêng (kranjang lsp) dianggo ngrakabi wowohan supaya ora dipangani lawa lsp; 2 buntêl (urung) barang-barang kang pangaji; 3 êngg. pc. brangus; di-[x]: dikrakabi ing brongsong.
(brosot): m-[x] êngg. kc lunga tanpa pamit, mlênthing.
brotol: kn perangan sangisoring jubur (tmr. manuk, pitik).
brocèl: pating [x] êngg pating brucèl.
bwang: br bruwang.
bwat: kw. ak abot, bobot.

Kh
khabar: (A) êngg. kn pawarta; kc. kabar.
khadis: (A) kn. akcrita riwayate K.N. Mokamad; kc. kadis.
khalak: (A) kn. aktitah, tumitah.
khalifah: (A) kn. ak1 wêwakil, sêsulih; 2 saèm. ratu ing tanah Islam.
khalifatullah: (A) kn. akwêwakiling Allah (sêbutaning ratu).
khalwat (A) kn. ak: kluwat.

khamsin: (A) kn. ak riyaya pantekostah.
khasiyat: (A) kn. ak dayaning sawijining barang lsp; kc. kasiyat.
khatam: (A) kn. ak 1 (cap) ali-ali; 2 rampung (tmr. maca korän lsp); kc. katam.
khatib: (A) kn. ak kêtib.
khawatir: (A) kn. ak sumêlang, kuwatir.
khewan: (A) kn. ak kewan.
khusus: (A) kn. ak wis têtêp; kc. kusus.
khutbah: (A) kn. ak sêsorah wulangan ing mêsjid (ing dina Jumuwah); kc. kutbah.
khoja: (A) kn. ak koja.

D

da: (nda) kw. ak. banjur, nuli.
dabag: kn 1 ak. tabag; 2 gabag; n.-[x] pc: tarap akèh bangêt; [x]-ên: gabagên.
dablag: kn dabag.
(dablêg): n-[x] ks. ndhêndhêng (ora ngrèwès ing pakon, pangundang lsp).
(dadah): di-[x] kn. diginda ki 1 dipijêti sarta diurut (tmr. bayi); 2 pc. diingêl-ingêl, dipilara, dikalahake nganti ora bisa sambat lsp; (pan-)[x]-an: tapêl, wêdhak lsp. ubarampene wong ndadah bayi.
dadak: (n-[x]) kn 1 (kok [x]) têka isih nganggo, ut. kok [x] takon barang, prêlune apa?; 2 êngg. andak iya; 3 pc. enggal-enggalan, rêrikatan; [x] apa?: nganggo nindakake apa?; [x] ora: andak ora, apa ora; n-[x] mangsa pc: nggege mangsa; di-[x]: digarap (dirampungake, digawe lsp) kanthi rêrikatan; [x]-an: 1 panggarape (panggawene lsp) kanthi rêrikatan; 2 enggal-enggalan, rêrikatan; kc. dumadakan, kêdadak.
dadar: I di-[x] êngg. kn 1 diundhuh (tmr. tala (tawon); 2 ditètèr, dilèlèr (kapintêrane, kabisane lsp); (pan)-[x]-an: pacoban, panglèlèr, èksamênan.. II (ut. [x] êndhog) kn: gorèngan êndhog (sadurunge digorèng diublak dhisik); di-[x]: digorèng (sadurunge diublak dhisik, tmr. êndhog). III n-[x]-i êngg. kn: ndhadhari.
dadar-lèlèr: kn ganjaran minangka piwalêsing jasa.
(dadèk): n-[x] gêni n, n-[x] latu k gawe gêni; kc. dadi, dadèn.
dadèn: I [x] gêni pc ndadèk gêni. II di-[x]-i êngg. kn: dirakit, ditata, dirampungake.. III [x]-[x] (-an) pc: mung anggêre dadi (maujud); kc. dadi.
dadi: n. dados k 1 ana ut. maujud saka ing ora ana (ora maujud) dening daya (kuwasa lsp), up. dadine sarana cipta; 2 madêg (ngrênggêp pangkat, sipat lsp) kaya kang kasêbut, up. [x] bupati; 3 malih kaanane maujut, up. [x] awu;
--- 63 ---
4 wis rampung panggarape (panggawene), up.klambine wis [x]: 5 mujudi kaya kang kêsêbut ing crita lsp. up. Mas Nata [x] Gathutkaca; 6 lulus (ditampa) ênggone nglêboni èksamên; 7 kêlakon kaya kang

disêdyakake (dijangka), up. ênggone jêjodhoan bisa [x]; ênggone nyambut gawe [x]; 8 sida, kêlakon, ora jugar, up. prakatane apa [x]; rêmbuge ora [x]; 9 kalah banjur kudu nggolèki lsp. tmr. dolanan jèlungan, gobag lsp; 10 nitik apa kang kasêbut, satêmah ..., up. [x] kowe ta sing njupuk layangku; 11 pc. marga saka iku, up. jênèh disrêngêni bae, [x] njur ora krasan; 12 (ut. dadia) sênadyan (mêngkono), up. [x]-a disilihake, bok iya sing wis lawas bae; 13 (ut. dadine) kang iku, marga saka iku, mulane; [x] ati n. dados manah k. [x] ing pênggalih ki: 1 (-pikir) tansah dirêmbug (dipikir); 2 sêrik, lara atine; [x] ing ak. [x] lan: jalaran saka iku satêmah, up. [x] lan patine; ora [x] (ng)apa: ora njalari apa-apa; n-[x]: 1 akèh bangêt ênggone awoh; 2 akèh bangêt sing mêtu tmr. laron lsp; 3 wis mêngangah ut. saya gêdhe urube; 4 saya bangêt, saya ndadra; didadèkake: 1 diangkat (digawe, digarap, dipiji lsp) supaya dadi; 2 êngg. dirampungake; 3 dijalari, disêbakake; kc. dumadi, kêdadean, kêdadèn.
dadu ~ dalan.
dadu: kn abang ênom.
dados: k dadi.
(dadra): n [x] kn saya bangêt (tmr. piala lsp).
dadya: br dadi.
dajal-laknat: (A) kn eblis, setan.
dadi: (S) kw. ak puhan kênthêl.
daerah: êngg. kn 1 wêwêngkon, tlatah; 2 wawasaning panêmu (pangrêmbug); kc. derah.
(daga): n-[x] kw (wani) mbadal prentah, mbangkang lan nglawan.
dagan: kn kang kaprênah ing sikil (tmr. wong turu, kuburan); n-[x]: turu (nêtêpi lsp) ana ing daganing kuburan; didagakake: disèlèhake lsp. ing dagan.
dagang: I kn 1 êngg. adol raja-kaya diidêrake mrana-mrana; 2 nindakake pakaryan dol-tinuku ut. bêbakulan (gêdhe); [x] layar: nindakake dagang sarana lêlayaran; prau [x]: prau momotan barang-barang; wong [x]: sudagar; [x] tuna andum bathi pr: gawe bêcik nganggo lantaran wong liya; di-[x]: 1 ditindakake kaya sacarane wong dol-tinuku; 2 (-lakune) anyang-anyangan lsp. nganggo rewa-rewa lunga (mlaku) supaya diundhakana panganyange; 3 (-gawene) disêsuwe ênggone nggarap gawe supaya akèh buruhane; [x]-an: barang-barang sing diêdol; dêdagangan: bêbakulan, nindakake dagang. II n-[x]-i kn: 1 wiwit bisa ngadêg (mlaku) tmr. pêdhèt, gudèl lsp; 2 gronjalan ing nalikane mêcati; kc. jagang.
dagda: (S) kw. ak. 1 kobong; 2 pintêr; kc. widagda.
dagêl: êngg. kn dhagêl.
daging: kn 1 kêklumpukaning sêrat-sêrat ing awak ing manusa ut. kewan; 2 peranganing wowohan sing êmpuk (sangisoring kulit); 3 (iwak [x] n, ulam [x] k.) iwaking kewan bêlèhan; 4 (ut. kulit [x]) sanak; nitipake [x] saêrêp pr: masrahake anake wadon marang kang ngêpèk bojo; n-[x]: akèh bangêt daginge; kê-[x]-an: nganti kiris ut. kêgêpok daginge.

dah: pc sabawa nggêtak lsp.
daha: (S) kw. ak kobong.
dahana: (S) kw gêni; cs. 3.
dahat: kw bangêt.
dahgene, dahpuna: êngg. kn mendah-gene, mendah-puna.
dahneya: êngg. kn mendahneya.
dahuru: kn. ak kc. dauru.
dahwèn: kn sênêng nyruwe (cawe-cawe).
daya: I kn 1 kakuwatan; 2kakuwatan sing dumunung ing barang lsp. up. bumi diwe [x] panggèndèng; 3 prabawa kang mawa kakuwatan; ndayani: awèh daya (prabawa) marang; kêdayan: kêna ing daya, kêprabawan. II [x]-[x] kn: kalawan enggal-enggalan (kêsusu) supaya (bisa rampung, têkan lsp); sa-[x]-[x]: sawiyah-wiyah, sawênang-wênang.
dayaka: (S) kw. ak wong kang mêlasi (pêparing).
dayinta, dayita: (S) kw putri, pramèswari.
dak: I n. kula k 1 atêr-atêr tanggap mratelakake yèn kang nandangi utama-purusa, up. dak-jupuk; 2 kanggo ing rimbag sananta ut. tandang (mratelakake niyat lsp), up. dak jupukake, dak jupuk. II (ndak) êngg. kn: andak iya! kc. dadak. III kn: kc. êdak.
dakar: (A) kn umuk (gumêdhe) sarta ambêk sawênang-wênang.
dakik-dakik: kn 1 pc. bêcik sarta pèni tmr. têtêmbungan lsp; 2 muluk, angèl digayuh tmr. wirasaning ngèlmu lsp.
dak-mênang, daknang: kn ngunggul-unggulake kuwasane (ambêk sawênang-wênang lsp).
daksa: (S) kw. ak pintêr.
daksina: (S) kw. ak 1 kidul, têngên; 2 pawèwèh marang pêndhita.
dakwa: (A) kn 1 panêrka; 2 wong kang digugat (dipriksa prakarane); di-[x]: ditêrka, diarani nglakoni ala (nyolong lsp).
Dal: kn ar. taun kang kalima (ing Windu).
(dal): dipun-[x]-akên pc. k diwêtokake.
dalah: I (ut. [x] kn 1 lan uga: 2 karo, sarta (kabèh katut kalêbu). II di-[x] êngg. kn: disèlèh(-ake).
dalal: êngg. kn amit.
dalan: n. margi k 1 papan sing dipijèkake dianggo liwat (diambah); 2 kanggo têmbung silihan atêgês kang diliwati, kang diambah, kang diênggo mêtu (mlêbu) lsp. kc. [x] banyu, [x] pangan, pipa [x] kêbul; 3 ent. sarana, jalaran, lantaran; [x] gawat bêcik disimpangi pr: wong sing angèl sratèn-sratènane (ala watake) bêcik disingkiri; dadi [x] suthik nganbah pr: wis êmoh sapa aruh; sarik [x], nyandhung watang pr: prakara sing angèl sarta mbêbayani; ora n-[x] pc: ora ngêrti
--- 64 ---
tata, murang sarak; di-[x]-ake pc: dituduhake marang tata-krama; ke-[x]-an: kêliwatan.
dalasan ~ daulat.
dalasan: êngg. kn dalah(-an).
(dalèh): di-[x] êngg. kn didalih.

dalèr: kn dalir; n-[x] êngg: ndlarèh, nggalêr.
dalêm: I ing [x] kn 1 êngg. pc. ing sajroning (layang lsp); 2 ing sajroning mangsa (wêktu), up. ing [x] patang taun; 3 sabên (tmr. cacah, takêran, ukuran lsp), up. ing [x] sadhacin rêga f 9. II kl: 1 omah; 2 (ut. [x] agêng) omah buri (tmr. dalême para luhur); dêdalêm ki: omah-omah (dêdunung, manggon); kang di-[x]-i ki: kang diomahi (diênggoni); ingkang dipun-[x]-i ing pundi?: surasane omahmu ingêndi?; kc. padalêman. III êngg. kn: sêsêbutane wong sing isih darah. IV ki: -mu; 2 e(-ne) tmr. panjênênganing nata, kc. matêdhakakên dhawuh timbalan [x]; kagungan [x] Sitinggil (sitinggile Sang Prabu); 3 (ut. adalêm, abdi-dalêm, abdi-dalêm kawula) aku, -ku.
dalêman: êngg. kn sawah lsp. kagungane ratu.
dalêr: êngg. pc gêlar.
(dalih): di-[x] kn. ak 1 dikira, disêngguh; 2 didakwa, ditêrka.
dalil: kn ([x] ing Kur'an) têtêmbungan ing Kur'an; n-[x], [x]-an êngg. pc: dhikiran; kc. tahlil.
dalir: kn galêran, corekan ing ulêsing kewal lsp.
(dalit): di-[x] kn 1 dirapêtake (ditambal) sarana dilèrèki dhêmpul, patri, lêmpung lsp; 2 pc. digêmèni bangêt, diirit-irit bangêt pangane.
dalu: I knwis matêng bangêt tmr. wowohan; ka-[x] warsa br: kasèp, lungse. II k: bêngi, wêngi.
dalon: êngg. k cèlèng.
dama: I kw 1 asor, nistha; 2 bodho. II di-[x]-[x] kw: 1 diugung, diuja ing sapanjaluke (saking trêsnane); 2 diaji-aji; kc. dêdaman.
damar: I n. dilah k. êngg diyan. II (ut. [x]-sela) kn: bngs. blêndoking wit dianggo nggilapake kayu lsp.
damba: (S) kw. ak krenah, kajuligan.
damèn: kn wit pari (garing); kc. dami.
damêl: k gawe; dêdamêl k: gêgaman.
dami: kn 1 wit pari; 2 (ut. damènan) tumpukan damèn ing sawah; 3 sêrat-sêrating nangka sing ora enak dipangan.
dami-têlês: kn kuning sêmu abang (tmr. ulêsing jaran).
(damu): di-[x], didamoni kn disêbul sarana diababi.
damu: êngg. n ko- (tanggap madyamapurusa).
dan: (ndan) êngg. kn êndang, enggal, nuli.
dana: (ndana) êngg. pc wc. ngêndi ana! sabawa nelakake ora ngandêl, gumun lsp.
dana: (S) kn 1 pawèwèh mana suka (kanggo kautaman); 2 (ut. dêdana) awèh apa-apa kanggo kautaman; didanani: diwènèhi dana; didanakake: diwènèhake minangka dana; kêdanan: kêpotangan bêcik.
dana bau: kn dêdana sarana nyambutgawe tanpa pituwas.
dana-driyah: kn nindakake kautaman sarana dêdana.
dana-jriyah: êngg. kn dana-driyah.
dana-krama: kw ngêrti tata-krama.
dana-raga: kw saèm. dana bau.
danar-danar: pc kuning ngrêsêpake (praène wong wadon).
danas: êngg. kn nanas.

danawa: (S) kw buta.
danawira: (S) kw. ak wong kang sênêng dêdana.
dandan: n. dandos k tata-tata ngêtrap panganggo (sandhangan), macak; [x]-[x] (omah): gawe ut. tambal-sulam omah; di-[x]-i: 1 dipacak, dianggon-anggoni sandhangan; 2 dibênakake (dipulihake) tmr. barang sing rusak; 3 ditata lan dipajang-pajang; didandakake: diêtêrake lsp. supaya digawe (didandani); [x]-an: 1 prabot pêprincèning omah, kreta lsp. sing pêrlu-pêrlu; 2 sandhang-panganggo (kang kanggo yèn ana kapêrluan); 3 (ut. wis dadi [x]-an pc. jaragan, pancèn wis ... (ora susah digunêm); wurung (ora dadi) [x]-an: ora kanggo ing gawe, ora dadi wong sing bêcik.
dandang: kn. bngs. kêndhil gêdhe lan dhuwur nganggo lambe njêbèbèh (dianggo adang).
daning: êngg. kn 1 dening; 2 dene; 3 dene (dianggo sabawa nelakake gumun lsp).
danu: I kêbo (n) [x] . maesa(n)[x] k. ak: kêbo alasan. II (S) kw. ak gêndhewa.
danuja: I (S) kw. akbuta. II kw: linuwih.
danujiwa: kw linuwih.
danurdara: (S) kw. aksatriya, sêkti.
danta: I (S) kw untu, gadhing; cs. 2 kc. dênta. II (S) kw. ak: sarèh, alon, lirih.
dantên: êngg. k dara.
danti: (S) kw. ak gajah.
(dang): I di-[x] pcX diêdang; kc. adang, êdang, dang-dangan. II (ndang) êngg. kn: 1 gêlis, enggal; 2 tumuli; kc. andang, êndang.
(dangak): n-[x] êngg. knndhangak
dangan: kn petungan kèhing bêras, jagung lsp. awêwaton kalumrahane sing diêdang (± 8 - 10 kati); kc. dang, adang.
danganan: êngg. kn gagang, garan, gagang-pèn.
dangdanan: êngg. kn dandanan.
dangur: êngg. kn kêtela kaspa.
dangu: I kn gaganging kêmbang arèn. II 1 êngg. kn: biyèn; 2 k. suwe; 3 êngg. k wêngi. III di-[x] ki: ditakoni.
dangus: kn ak kêrêng, nêpson.
daugan: êngg. kn dêgan.
daulat: kn 1 ak. pangèstu, sawab bêrkahing dhêdhuwuran lsp; 2 ora ana bêgjane: pancèn wis mèh olèh kabêgjan, nanging ora sida.
--- 65 ---
dauru - dede.
dauru: kn gègèr, orêg-orêgan, ora têntrêm.
daut: ki ompong; 2 pupak; 3 puput-pusêr; kc. dhaut, kêdaut.
daoke: (C) kn juragan, pêngarêp (lêlurah); kc. taoke.
dapak: êngg. kn 1 yèn, mênawa; 2 malah(-an); 3 (ut. [x]-[x] bok mênawa.
dara: I kn ar. manuk bngs. dêruk, putêr lsp. tapak [x]: 1 ar. têtuwuhan; 2 cagaking gêdêbog kêlir wayang; 3 ar. caraning ngênam

ut. ngglamit (tumpang-tumpangan mrapat). II (ndara) kn: wc. bêndara. III êngg. kn: bumbung pandèrèsan. IV (S) kw. ak: bojo, prawan.
daradasih: (ut. ndaradasihi) kn kêlakon têmênan cocog karo kang katon ing impèn; di-[x]-i, di-[x]-ake: dilêksanani kaya kang katon ing impène.
dara-gêpak: kn ar. wanguning omah (kampung nganggo èmpèr mubêng); kc. widara-gêpak.
darah: kn turuning para luhur; kang n-[x]-ake: lêluhur sing nurun-nurunake; kc. dharah.
(darak, daran): (di-)[x]-i pc. diarani (disêngguh, dikira).
daraka: (S) kw. ak. kukuh, têtêp, sabar.
darana: (S) kw. 1 kukuh, sêntosa; 2 sabar; kc. drana.
darani: (S)kw. ak. bumi; cs. 1.
darapon: êngg. kn. supaya.
darba: (S) kw. ak. sukêt.
darbe: darbèk êngg. kn 1 apa-apa sing diduwèni; 2 duwe; didarbèni êngg: diduwèni.
darès: kn ar. manuk saba bêngi.
(dari): n-[x] êngg. kn ndadari (ndhadhari).
daridra: (S) kw. mlarat, kêcingkrangan.
darya: (S) kw. ak 1 sarana, pikukuh, sêntosa; 2 ati, watak.
darma: I (S) kw. ak1 kawajiban, kautaman, panggawe bêcik; 2 wêwarah, anggêr-anggêr; 3 papan suci, candhi, kuburan. II kn. (darmi k.ak) 1 (ut. sa-[x]) nindakake apa-apa mung marga nêtêpi kawajibane; 2 panjurung (pasumbang) saèm. dana; didarmani: diwènèhi darma; didarmakake: didanakake; kc. dêrma, sadêrma. III kw: bapa; kc. sudarma.
darmaja: (S) kw. ak turuning wong utama, darah lsp.
darmakausala: (S) kw. ak pakaryan kautaman.
darmalaksana: (S) kw. ak ulah kautaman, nindakake adil.
darmasastra: (S) kw. ak Kitab Suci.
daru: kn bngs. lintang alih kang sumunar padhang; kêtiban [x]: olèh pulung (wahyu, kabêgjan).
darubêksi, darubêsi: kn (kêna ing [x]) (kêna ing) guna-gawe (krenah, tuju, tênung, racun lsp).
daruna: êngg. kn 1 sabab, jalaran; 2 marga saka iku, awit.
(durung): n-[x] ngaji ut. maca kur'an (bêbarêngan) ing sasi Pasa); [x]-an: bêbarêngan padha maca kur'an; kêdarus.
darpa: (S) kw 1 wani, kêndêl; 2 galak, umuk.
darpaya: kw kc. darpa.
darpana: (S) kw. ak pangilon.
darpita: (S) kw. ak kêndêl bangêt.
darsana: (S) kw. ak conto, tuladan; kc. sudarsana.
darwya kw. ak: duwe.
das: kn têtêngêr awujud bundêran, 0.

dasa: I (S) kw puluh: dwi-dasa kw: 20; sa-[x] k: puluh-puluh. II (S) kw. ak: 1 batur; 2 juru amèk iwak.
dasan: (-an) k puluhan.
dasih: (S) kw batur, batur wadon.
dastha: (S) kw. ak lêbur, rusak.
dat: (A) kn kang mêngku sipat (kaanan).
datan: kw ora.
datapati: kw. ak srêngenge.
datar: kw. ak ora.
datatita: kw. ak sawuse iku (banjur), sigêg.
(datuk): n-[x] êngg. kn 1 manuh, kulina; 2 wis pundhuh (pintêr).
datullah: (A) kn dating Allah.
dat-sabên: pc adat sabên.
dawa: n. panjang k, 1 kb. cêndhak; 2 dianggo têmbung silihan ngêmu surasa: nglantrah, nglantur, rowa, suwe lsp. up. [x] umure (bisa urip nganti suwe), yèn dipikir [x] (kanthi wawasan sing rowa), kêtiga [x] (nganti suwe), layange (critane) [x] bangêt (nglantrah, ora ringkês); 3 ujur up. palêmahan [x]-ne 45 m; [x] tangane: clêmêr; didawani: diwuwuhi dawane; didawakake; diulur, digawe supaya luwih dawa; kê-[x]-[x]: kêbanjur-banjur, dadi saya rowa (nglantrah).
dawala: kw. ak 1 putih; 2 bngs. tali sutra sumampir ing pundhak dianggo nancang dodot (lmr. ing rêrênggan wayang).
dawata: (S) kw. ak têpi, pinggir.
dawêg: I êngg. kn 1 wis tutug, wis katog; 2 sêdhêngan; di-[x]-ake; dikatogake. II k. ak: lagi. III pc. êngg: ayo, ênya, mara!
dawêgan: êngg. kn dêgan.
dawir: kn sêmbir ing pinggir (tmr. kuping).
de: I kw 1 ak.gawe; 2 dene; 3 dening. II êngg. n: di-. III (nde) êngg. pc: duwe.
debagan: pc nggolang-nggoling jêmpalikan (marga sayah lsp); kc. deblag, gêdebag.
dèbès: pc alus sarta bêcik panatane (tmr. sandhang-panganggo).
(deblag): n-[x] pc katon jêmbar sarta sêntosa tmr. dhadha; di-[x], didhèblêg êngg. kn: 1 digablog; 2 dipopok (diurug) tmr. galêngan lsp.
(dèblèg): n-[x] pc rantap sarta kêbak, êmplèk-êmplèkan.
(deblo): n-[x] kn. ak ndèblèg.
dede: k dudu.
--- 66 ---
deha ~ dêdêg - pangadêg.
deha: (S) kw. ak badan, awak.
deyan, deyane: êngg. kn bok mênawa, rak iya ta.
dèk: I êngg. pc sangka; kc. kadèk, kadi. II [x]-e (-ku, -mu) êngg. pc: duwèke (-ku, -mu).
(dèkèk): dipun -[x] k didokok.
dèkèng: awak [x] pc awakku, aku dhewe.
dèkna: I êngg. pc mulane; kc. kadèkna, kadèkneya. II (ndèkna, ut. ndèkne, ndèkneya) êngg. pc: andèkne.

dèkpuna: (ndèkpuna) êngg. pc sênadyan mêngkono ewadene ...; kc. andèkne.
dèlan: êngg. kn trasi.
dele-dele: êngg. pc sabawa nelakake gumun.
(dèlèh): di-[x] êngg. kn disèlèh, didokok.
(dèlèk): I di-[x] êngg. kn disèlèh, didokok. II di-[x]-i êngg. kn: didhèdhèki.
(dèlèp): I n-[x] êngg. kn 1 ndhèwèki; 2 nekad; 3 takad. II di-[x]-i êngg. kn: didhèdhèki.
(dèlèr): n-[x] kn mili ndlèwèr.
(demblo): n-[x] kn kandêl êmplèk-êmplèkan.
dèn: I kw 1 di-, up. dèn-prajaya; 2 di(pakon alus), up. dèn ngati-ati. II pc: 1 sêsêbutane wong sing isih darah; 2 êngg. sêsêbutane wong lanang (sing klêbu têngahan); kc. radèn.
dèn-ajêng: pc radèn ajêng.
dèn-ayu: pc radèn ayu.
dèn-bèi: pc radèn ngabèhi.
dene: kn 1 (ut. [x] kok) pc. têka, kok, up. kowe mau saka ngêndi, [x] esuk-esuk wis ana ing kene; 2 pc. (ut. awit [x], sabab [x]) amarga saka, up. nêpsune ora bisa lilih, awit dene piwaduling bojo; 3 awit (sambunganing ukara kang mratekakake karana, ut. wêtuning pangrasa: susah, bungah, isin, marêm lsp), up. lêga rasaning atiku, [x] bisa kêtêmu karo kowe; sangêt nuwun, [x] panjênêngan sami karsa rawuh; 4 (ut. ana dene n. wondening k) ananging, mung, mung, up. yèn panêmuku bêcik mêngkene bae, [x] panêmu êmbuh; pajêg saubarampène wis dak-sahi kabèh, [x] (ana dene) pasumbang durung; 5 (ut. padha dene) padha bae, up. bocah loro kuwi pancèn padha dene nakale; kc. sêsirahe têmbung-têmbung camboran kang nganggo dene.
dene: (ndene) êngg. pc andèkne
dènèng: kok, -si êngg. kn 1 dene kok; 2 geneya, sabab apa, kêpriye; kc. dene, dening.
dening: 1 (ut. [x] kok) êngg. pc.dene kok; 2 br. marga saka, up. tibèng nistha [x] kumudu utama; 3 br. karana (karo), up.mêsthi mati [x] gêni; 4 br. marang, karo (ancêr-ancêr kang nindakake tmr. ukara tanggap), up. Nama-namaning rimbag têmbung Jawi mawi tuladha, katata [x] R. Sasrasoeganda; 5 (sabab) [x] apa êngg. pc: sabab apa, geneya; kc. dene.
dènira: kw 1 (ut. dènya) dening dhèwèke; 2 dening kowe (ko-); 3 ênggone, olèhe.
dènta: kw dening kowe.
dèntên: êngg. k dene (ananging, mung).
dènya: kw 1 dening dhèwèke; 2 ênggone, olèhe.
(dèngèk): n-[x] êngg. pc ndhangak; kc. dhêngak.
dèngkèk: kn bengkong gêgêre.
dera: kw dening.

derah: I êngg. kn ndleya; n-[x] pati br: nekad nêmaha marang pati (nekad pati). II (A) kn. ak: 1 gêgambaran (pêpindhan) sing ngêmu wirasa dakik-dakik (muluk); 2 wawasan, andharan; kc. daerah.
dèrèng: k durung.
(dèrès): n-[x] kn 1 ak:.mbêdhèl, mbêdhah; 2 amèk lêgèning krambil lsp. sarana kapagas manggare (dangune tmr. arèn) banjur ditadhahi ing bumbung; 3 amèk banyune wit sarana dipagas oyode banjur ditadhahi; banyu [x]-an: banyu olêh-olêhane ndèrès; krambil [x]-an: wit krambil sing mung dialap lêgène.
desa: 1 (S) kw. ak. panggonan, keblat; 2 n. dhusun k. gêgrombolaning pomahan ing sajabaning nêgara (luwih gêdhe tinimbang dhukuh); njajah [x] milang kori pr: njajah mênyang ngêndi-êndi; [x] mawa cara, nêgara mawa tata pr: ing sabên panggonan duwe padatan (tata-cara) dhewe-dhewe; ndesani: kaku, ora luwês; padesan; kaklumpukane desa-desa, wêwêngkoning desa.
detya: (S) kw buta.
dewa: I (S) kn roh luhur sing dianggêp nguwasani salah sijining kodrat (ing crita); kêndhit mimang kadang [x] pr: luput ing bêbaya (kacilakan); di-[x]-[x] pc: dipundhi-pundhi; kadewan: 1 padunungane pada dewa; 2 sipating dewa; 3 agama ngabêkti marang para dewa; 4 jaman nalikane para dewa isih sok ngejawantah. II n-[x] êngg. k: ndèrès.
dewaji: kw (dewa aji) panyêbut marang ratu.
dewalaya: (S) kw. ak kadewan, kayangan.
dewan: wong [x] êngg. kn wong ndèrès.
dewana: (S) kw. ak sorot, cahya, linuwih.
dewananggana, dewanggana: kw widadari.
dewangkara: kw srêngenge.
dewata: (S) kw dewa; manuk [x]; ar. manuk wulune endah bangêt; kadewatan: kadewan; kc. jawata.
dèwi: kw 1 dewa wadon; 2 sêsêbutaning putri, widodari.
(debal): di-[x] êngg. kn digêbal.
dêbog: pc gêdêbog.
(dêdah): dipun-[x]-akên êngg. k dituduhake.
dêdaman: êngg. kn dhuwit lsp. sing diêmi-êmi bangêt marga wis ora ana tunggale; kc. dama.
dêdamêl: k gêgaman.
dêdêg: kn. dhuwuring pawakan (ut. barang); sa-[x]: dhuwure (jêrone) padha karo dêdêging wong; n-[x]-i ak: mara-dhayoh ing panggonane wong duwe gawe lsp, njênêngi.
dêdêg-pangadêg: (-piadêg) kn wanguning pawakan.
--- 67 ---
dêdêg-pangawe ~ (dêngèngèk).
dêdêg-pangawe: sa-[x] kn dhuwure (jêrone) sadêdêg punjul sadawane tangan diacungake munggah.

(dêdêl): I di-[x] kn diênêtake, disodhokake supaya mênga (tmr. lawang lsp). II n-[x] kn: 1 mumbul, muluk; 2 ent. saya dhuwur pangkate, saya sugih, saya mundhak-mundhak.
dêdêr: I kn 1 garan panah; 2 landheyan; 3 êngg. ukiran (ing kêris). II di-[x] êngg. kn: disodhokake, dicêngkah; ([x]-)[x]-an: cêngkah-cêngkahan, sodhok-sodhokan.
dêdosan: kn 1 pasakitan; 2 wong dosa; kc. dosa.
dêdrêg: kn padha dene êmoh kalah (rame, tmr. kêrêngan, pêpadon).
dêg: I êngg. pc dawêg (ayo, ênya, mara!). II di-[x]-i kn: 1 êngg. ditrapi (dipasangi, disèlèhi) apa-apa sing ngadêg, up. di-[x]-i omah (bêndera, tumbak lsp); 2 pc. didêdêgi (dijênêngi); di-[x]-ake pc: 1 dipasang (ditrap, disèlèhake) ngadêg; 2 digawe (tmr. pêkumpulan lsp); 3 dijunjung, didadèkake, up. di-[x]-ake ratu; kc. adêg.
dêgan: kn krambil ênom (sing banyune isih lêgi).
dêgrès: êngg. pc gêndhêng.
dêgsura: kn ora ngêrti tata-krama, kurang ajar.
(dêkêp): di-[x] kn dicêkêl (ditutupi) sarana tangan dikuwungake (dikurêbake).
dêkung: kw mbêngkêluk, têtikungan; n-[x] kn: linggih ndhungkluk; di-[x]: 1 kw. dijêblèsake ing dhêngkul; 2 êngg. kn. ditandur (sarana turus); [x]-an êngg: turus (pang lsp. sing ditandur).
dêksina: kw kidul; kc. daksina.
dêksura: kn ora ngêrti tata-krama, kurang-ajar.
dêl: mak [x] kn sanalika mumbul; kc. dêdêl.
(dêlah): di-[x] êngg. kn disèlèh(-ake).
dêlahan: kw (ing) têmbe, akerat.
dêlalah: pc dilalah.
dêlap: kn arêpan, kumudu-kudu ngêpèk (njaluk) darbèking liyan; [x]-[x]-e pc: têka arêp (gêlêm, sudi).
dêlapon: êngg. kn supaya; kc. drapon.
dêlasan: êngg. kn dalasan, dalah.
dêle: êngg. pc. dak-dêlênge!
(dêlèk): di-[x] êngg. kn digolèki.
dêlèr: I kn sêsêbutane para warga Rad Indiya. II n-[x] êngg. kn: ndilir, ndlidir, elur.
dêlêg: kn 1 kayu lajêr (pokok) ing wit; 2 kutuk gêdhe; 3 (ut. [x]-e) pokoking rêmbug, prakara lsp; 4 (ut. [x]-an) gulungan têmbako; di-[x]-i: digulungi tmr. têmbako.
dêlêm: êngg. kn bêruk (dianggo wadhah banyu).
dêlêng: [x]-e, [x]-ane n. tingalipun k katone, sêmune; di-[x] n. dipuntingali k. dipriksa, dipriksani ki: 1 ditonton; 2 ditamatake, diingêtake; 3 pc. dititipriksa (tmr. pagawean lsp); kc. pandêlêng.
dêlês: I kn tulèn, murni (tmr. sêduluran, turun, asal lsp); ula [x] êngg: ula dumung. II êngg. kn: ucêng-ucêng clupak.
dêli: pc dak-dêlênge!
dêlik-dêlik: êngg. kn amba (mênthêlêng) matane; kc. mêndêlik, pêndêlik.

dêling: I kn ak. cêtha (katon, krungu); 2 kw. têmbung gunêm; di-[x]-ake: ditilingake, dirungokake têmênan; kc. dumêling. II k: pring.
dêlir: I kn sêsêbutane warga Rad-Indiya, II di-[x]-[x]-ake kn: disrêngêni (dituturi) kanthi ditêrang-têrangake; kc. jêlir.
(dêlul): n-[x] êngg. kn ndleya, nggugu karêpe dhewe.
(dêloh): di-[x] êngg. kn disèlèh(-ake).
(dêlok): di-[x] êngg. pc didêlêng: [x]-i êngg. pc. dakdêlênge
(dêmak): di-[x] êngg. kn didêkêp.
dêmang: kn. 1 ak. lêlurahing bêkêl (karèrèhane mantri ut. wong kang duwe sawah) ngiras dadi lêlurahing kapulisèn; 2 sêsêbutane sawênèhing abdi-dalêm: 3 ak. sêsêbutane glondhong (lurah desa); 4 ak. saèm. asistèn-wêdana; 5 êngg. panggêdhening tanah pêrdikan; ngiras tangkilan: dhayoh lêladi dhewe (ngiras dadi paladèn).
dêmari: (-nên) êngg. kn lêlaranên sarta rèwèl bae tmr. bayi suson (marga wis kêsundhulan).
dêmbaga: n. dêmbagi k. êngg, têmbaga.
(dêmèk): di-[x] pc didumuk, digrayang, didêmak.
(dêmêk): di-[x] êngg. kn didêmak, didumuk.
(dêmênakake): n-[x] n. ndêmênakakên k, 1 ora rèwèl sarta ora nakal (tmr. bocah cilik); 2 pc. nglêgakake ati, nyênêngake.
dêmêng: kw. ak irêng.
dêmi: kn atas namaning (têtêmbungan ing sumpah), up.[x] Allah.
(dêmimil): n-[x] pc tansah gunêman bae; kc. drêmimil.
dêmumung: êngg. kn grênêngan, grundêlan; kc. drêmumung.
dêmung: saron [x] kn saron gêdhe.
dêmuwe: êngg. kn surti ngati-ati marang barang darbèke; kc. duwe.
(dêmok): di-[x] kn didumuk, digrayang.
(dênang): n-[x] êngg. kn ngonangi; kê-[x]-an: konangan.
dênawa: I êngg. kn gêbayan (pulisi) desa. II k: buta; kc. danawa.
dênta: kw 1 gadhing; 2 putih kaya gadhing; kc. danta.
dêntawyanjana: kw urut-urutaning aksara (hanacaraka).
(dêngak): n-[x]) êngg. kn ndhêngak.
(dêngang): n-[x] êngg. kn ngonangi; ke-[x]-an: konangan.
(dêngangak): n-[x] kn ndhangak.
(dêngap): n-[x] kn ngangah-angah kêpengin (mangan lsp); [x]-[x]: ngagak-agak (ndomblong), kêcingkrangan.
dêngarèn: pc dingarèn.
(dêngèngèk): n-[x] pc dumadakan êndhase didhangakake.
--- 68 ---
(dêngingak) ~ dilêm.
(dêngingak): n-[x] pc cingak, kagèt.
(dêngkèk): n-[x] kn gêgêre mbêngkuk (bangkèkane mlêbu); di-[x](-ake); dibêngkuk (ditêkuk) kanthi karosan; ke-[x]: 1 bangkèkane kêtêkuk; 2 pc. nandhang kapitunan (rêkasa lsp).
(dêngkèng): n-[x] kn 1 mbêngkuk mlêbu (tmr. gêgêr, bangkèkan); 2 mbêngkêluk (tmr. têkên, pêdhang lsp).
dêngkêk: êngg. kn budhêg.

dêngki: êngg. kn drêngki.
(dêngok): di-[x] êngg. pc didêlêng.
(dêngongok): n-[x] kn linggih (turon) êndhase ndhangak; kc. jêngongok, jongok.
dêpara: êngg. pc mokal; kc. dupara.
(dêpok): di-[x] êngg. kn digêpok, didêmok.
dêrana: kw sabar; kc. darana, drana.
dêrap: (ut. n-[x]) kn nyongklang.
dêrapon: êngg. kn supaya; kc. drapon.
dêrbala: sugih n-[x] kn saya mundhak sugih bangêt.
dêrbe: êngg. kn duwe; kc. darbe.
dêrbis: kn. ak bngs. mriyêm.
dêrbus: kn. ak bngs. mriyêm.
dêrbombok: kn ar. manuk; kc. sribombok.
dêrdah: êngg. kn congkrah, pêpadon.
dêrêng: kn bangêt ênggone kêpengin (njaluk lsp); kc. adrêng, kapiadrêng, kêdêrêng.
dêrêp: I (ut. n-[x]) kn buruh ngênèni pari (opahane pari bawon); [x] tinggal tumpukan pr: ninggal pagawean sing pancèn ngolèhake opah; n-[x] ngêdhok (-kêdhokan) êngg: mèlu nggarap sawah sarta ngênèni (opahane bawon); n-[x] ngrampyang êngg: mung dêrêp thok; di-[x]-ake: diburuhake (ênggone ngênèni). II n-[x]-i kn: wiwit padha nglèthèk (tmr. lara cacar lsp).
dêrês: I kn 1 ak. bantêr, bancar iline (wêtune); 2 tibaning banyu kêrêp sarta akèh tmr. udan; kc. kadrêsan. II n-[x] kur'an kn: maca kur'an nganti tamat (ing dalêm 7 dina).
dêrês-pathês: êngg. pc dêrês bangêt (tmr. udan).
dêrganca: kn sulaya, bèncèng panêmu.
dêrgil: kn srêgêp ing gawe (sugih akal kang ngolèhake mingsil).
dêring: I êngg. kn ora. II kn: pinggiraning barang-barang sing njêbèbèh tipis.
dêrkuku: kn dêruk.
dêrma: kn kc. darma.
dêrmaga: n. dêrmagi k. êngg, dalan gêdhe.
dêrman: kn sugih anak (tmr. wong wadon)'; kc. drêman.
(dêrmèmèl): n-[x] pc ndêrmimil.
dêrmenan: kn. bngs. sêmpritan sing digawe damèn.
(dêrmêmêng, dêrmumung): n-[x] êngg. kn tansah grênêngan.
(dêrmimil): n-[x] kn tansah gunêman (ndonga lsp).
(dêrmis): n-[x] êngg pc sênêng njêjaluk (kaya wong ngêmis); kc. dêrwis.
dêruk: kn. ar. manuk (klêbu bngs. dara).
(dêrwili): n-[x] kn tansah gunêman (sêsambat lsp).
dêrwis: (A) kn. ak pêndhita Islam sing ulah tapa (ut. tapa ngêmis); n-[x] êngg. pc: sênêng njêjaluk (kaya wong ngêmis).
(dêrwolo): n-[x] kn wangkal, wangkod, nggugu karêpe dhewe.

dêstun: pc. kn 1 sabênêre (pantêse) bae prayoga ... up. bocah nangis ngono kok malah dibêbeda, [x] ditulung apa didolani; 2 (ut. [x] malah) ananging malah, up. ora watak aku arêp ngapusi, [x] malah kowe kuwi! 3 êngg. luwung (luwih prayoga tinimbang liyane), up. [x] iki ta, rada mèmpêr karo contone; [x] dene êngg: ngêmu surasa ora mèmpêr bangêt yèn; [x] mung: pancène malah mung; [x] têmên: bangêt têmên ênggone rêkasa lsp; kc. sêtun.
di: I n. dipun- k, 1 atêr-atêr tanggap pratama-purusa, up. digawa; 2 pakon alus, up. di-tabêri ing gawe. II (ndi) pc: êndi. III br: wc. adi.
dibya: (S) kw linuwih, pinunjul; kadibyan: kaluwihan, kasêktèn.
diblêg: ks dablêg.
digdaya, digjaya: kw patohan, mênangan.
diksura: kn ora ngêrti tata-krama, kurang-ajar.
digtya: kw. buta.
digwijaya: (S) kw patohan, mênangan; kc. digdaya.
(dihyang): ma-[x] jk mati.
(diya): diya-diniya kn udur-uduran, pêpadon padha dene ngarani luput.
diyan: n. dilah k piranti kanggo gawe pêpadhang (nganggo lênga ut. listrik, wujude warna-warna).
diyat: (A) kn dhuwit dhêndhan ut. têtêmpuhe wong sing dipatèni.
(diyêr): n-[x] êngg. kn têrus mêmpêng (ênggone nindakake kang ora bêcik).
diyu: kw buta.
diyon: kn pêpadon prakara ênggone padha arêp nandangi pagawean (ana sing njaluk mayar lsp).
dika: (ndika) êngg. kn. (uga k) kowe, -mu; kc. andika.
(dikakake): n-[x] ki dikon; di-ndikakake pc. ki: dikandhakake (kc. clathu, tutur); kc. kon, andika.
dikira: kw. ak pangkat.
dikdaya: kw digdaya.
(dikêp): di-[x] êngg. kn dikêkêp.
dikir: kn. ak dhikir.
dikne: (ndikne) êngg. kn andèkne.
diksura: kn ora ngêrti tata-krama, kurang ajar.
diktya: kw buta.
dilah: k diyan; kc. dumilah.
dilalah: kn 1 têka kêbênêran, kapinujon; 2. kojur (cilaka) ane!.
(dilat): n-[x] kn 1 namakake ilat (arêp ngicipi, ngrasakake lsp); 2 mrèmèn tmr. gêni; idu di-[x] manèh pr: nyêlêd kasaguhane; ndêdilat ks: njêjaluk kalawan ngasih-asih bangêt.
(dilèk): di-[x]-i (ut. [x])-i) êngg. pc digolèki.
dilêm: I êngg. pc dalêm. II kn: ar. têtuwuhan godhonge ambune sêdhêp.
--- 69 ---
(dilêp) ~ dlamong.

(dilêp): n-[x] êngg. kn ndhêlik (ora ngaton-ngaton), mênêng bae (ora mèlu cawe-cawe); [x]-ên: rêkasa ênggone nggarap-banyu; kc: kamidêlêpên.
(dilik): n-[x] êngg. kn nonton, ndêlêng.
(dilir): n-[x] êngg. kn ndlidir,êlur.
dim: kn 1 1/12 kaki (± 2,54 cm); 2 pc. cm.
diman, dimane: êngg. kn supaya, karêbèn.
dimar: êngg. kn damar (diyan).
dimèk: êngg. kn 1 karêbèn; 2 supaya.
dimèn: (-e) êngg. kn 1 karêbèn; 2 supaya.
(dimêk): di-[x] êngg. kn didêmêk, didêmak.
dimêr: (ut. n-[x] kn. ak ora maèlu pitutur (nggugu sasênênge dhewe).
dimik: kn 1 wilahan kayu lsp. nganggo wlirang (dianggo nularake gêni, ngobong omah lsp); 2 êngg. (biting) rèk.
dimik-dimik: kn jangkahe ciyut sêmu rêkasa (mlaku).
dimok: (-ne) êngg. kn 1 karêbèn; 2 supaya.
dimon: (-e) êngg. kn 1 karêbèn; 2 supaya.
dina: n. dintên k 1 wayah rina; 2 wêktu wiwit plêthèking srêngenge têkan surupe; 3. suwe ning wêktu (awan karo bêngi 24 jam) [x] gêdhe: dina kêbênêr riaya (tingalane ratu lsp); [x] iki: saiki (sajroning dina kang linakonan); [x] wêngi pc: rina wêngi, awan bêngi; ana [x] ana sêga pc: ora prêlu nusahake kang arêp dipangan; sa-[x]-[x]: ing sabên dina tansah; n-[x]: nutug nganti sadina; n-[x]-[x] êngg. dinan (dinanan êngg) n. dintênan k: pangètunge miturut sabên dina (tmr. nyambut-gawe, utang lsp); padinan n. padintênan k: kang kêlakon (lumrah, kanggo) ing sabên dina.
dinakara: kw. ak srêngenge.
dinar: (A) kn 1 ak. dhuwit êmas ajine ± f 10; 2 dhuwit êmas (wujude warna-warna dianggo pacakan); [x] ici êngg: dhuwit êmas gêdhene sakêthip (dhuwit Turki ajine ± f 1.20 - f 2.40); ukon: dhuwit êmas gêdhene saukon (dhuwit Inggris 1 sovereign = ± f 11 - f 12); [x] ringgit: dhuwit êmas gêdhene saringgit (dhuwit Amerika 20 dollar = ± f 43 - f 50); [x] rupiyah (-gelo êngg.) dhuwit êmas gêdhene sarupiyah (dhuwit Amerikah 10 dollar = ± f 21 - f 25); [x] talèn: dhuwit êmas gêdhene satalèn (dhuwit Inggris ½ sovereign = ± f 5,50).
dindang: êngg. kn bencok.
(dinding): n-[x](-ake) pundhak kn (mlaku pêpacakan) njêngatake pundhak.
dinèni: êngg. pc 1 diwènèhi; 2 diênèni.
dingarèn: kn têka anèh (ora kaya adat sabêne, nelakakake gumun).
dingaryan: jk. dingarèn.
(dingding): kn. ak kc. dinding.
(dingkik): n-[x] kn ndhêdhêpi namatake (nêlik, ngintip).
dintên: k dina.
dipa: (S) kw 1 ak. diyan, obor; 2 ak. ratu; 3 gajah; 4 ak. pulo; kc. dwipa.

dipaya: br dipa.
dipaka: kw. gajah; kc. dwipaka.
dipak: (-e, -na, -ne) êngg. kn 1 karêbèn; 2 supaya.
dipangga: kw gajah; kc. dwipangga.
dipara: I n-[x] êngg. kn nglêngkara, mokal; kc. dupara. II kw. ak: gajah; kc. dwipara.
dipati: wc adipati.
dipatya: br dipati.
(dipe): (ora) n-[x] kn (ora) ngira (nyana).
dipun: k di-.
dipta, diptya: kw. ak sorot, cahya.
dir: kn gumêdhe, umuk; kc. êdir.
dira: (S) kw. ak kukuh, panggah, kêndêl, wani.
dirada: kw gajah; kc. dwirada.
diraya: br dira.
dirèn: êngg. kn irèn.
dirga: (S) kw dawa.
dirgama: pasang [x] kn masang krenah (pangapus, kajuligan); kc. durgama, drigama.
dirgamaya, dirgasana: kw. ak dhampar.
dirga-mêlik: kn. ak wulu mêlik (...).[1]
dirga-mêndut: kn. ak suku mêndut (...).[2]
dirga muraras: kn. ak têtêngêr pêdhotaning têmbang gêdhe.
dirga-mure: kn. ak taling aswara ai (...)[3]
dirga-mutak: kn. ak pêpêt aswara êu (...)[4]
dirgantara: kw awang-awang.
dirganca: kn. ak sulaya, gèsèh panêmu.
dirham: kn dhuwit êmas (nganggo tulisan Arab).
dite: kw Ngahad.
ditya: kw buta.
diwayah: kn. ak (wis -) wis tuwa.
diwangkara: kw srêngenge.
diwasa: I kn wis mangsane omah-omah, wis akil balig. II jk: dina.
diwasasri: (S) kw. ak srêngenge.
diwêg: êngg. k lagi; kc. dawêg.
diwya: (S) kw. ak linuwih, pinunjul, sêkti; kc. dibya.
(dladag): n-[x] kn 1 mili bantêr; 2 kêndêl.
(dlajah): di-[x]-i kn kabèh dicaki (ditêkani, dijajah).
dlajat: I kn 1 ngalamat (ala ut. bêcik); 2 ak. kabêgjan (sing wis pinêsthi); n-[x]-i: ngalamati, mahanani. II pc. drajat.
dlajêg: pating [x] pc katon padha ngadêg; kc. dlêjêg.
dlajig:, pating [x], [x]-an pc padha ngadêg (mlaku wira-wiri) sêmu murang tata. dlalah pc: dilalah.
dlamakan: kn tlapakaning sikil.
(dlame, dlamèh): n-[x] kn tansah gunêman (ngame).
(dlamong): n-[x] êngg. kn gunêman clêmongan.
--- 70 ---

dlampu(-a) ~ (dublêg).
dlampu: (-a) êngg. kn angur, aluwung; kc. lampu.
dlancang: k dluwang.
dlanggu, dlanggung: êngg. kn dalan.
dlangkup: êngg. kn pasangan macan (bêkungkung).
dlapakan: êngg. kn tlapakan, dlamakan.
(dlape): n-[x] êngg. kn ndlame.
dlarèh: pating [x] kn katon mawa galêr-galêran (corèkan); jlarèh.
(dlarung): n-[x] kn kêbanjur-banjur ênggone nggugu sênênge dhewe.
(dlawèr): n-[x] kn 1 ndlèwèr; 2 pc. nglawèr kangsrah lêmah; 3 pc. ndleya, ora ngêmên-êmênake ênggone sêmayan lsp.
(dlèdèk): n-[x] kn mili mêtu (tmr. barang sing rada kênthêl).
(dlèdèr): n-[x], [x]-an kn mlaku-mlaku sêmu mamèrake sandhang-pênganggone.
(dleya): n-[x] kn nglirwakake wajib, nggugu sênênge dhewe, sêmbrana.
(dleyah): n-[x] kn. ak 1 sarwa aras-arasên (tandang-tanduke); 2 ora pati ngrèwès.
(dlelo): n-[x] êngg. kn ndlelah.
(dlèngèr): n-[x] êngg. pc rada ndhangak.
dlera-dlere: kn plerak-plerok ngingêtake wong lanang; kc. blere.
dlèrèng: I [x]-[x] êngg. kn lorèk-lorèk. II sa-[x]-an kn: sacleretan, satleraman.
(dlèwèr): n-[x], [x]-an kn 1 mili mudhun sarta alon: 2 pc. ndleya, ora ngêmên-êmênake; 3 pc. gunêman (rêmbugan) nyimpang saka lajêring gunêm.
(dlêdêg): n-[x] têka bêbarêngan akèh bangêt, mili bantêr (sarta akèh).
dlêjêg: pating [x] kn katon padha ngadêg.
dlêjêr: pating [x] kn pating dlajêg (dlêjêg).
(dlêlêg): n-[x] pc ndhêlêlêg.
(dlêlês): n-[x] êngg. pc gêlis êntèk; kc. glêlês.
dlêmèk-dlêmèk: kn 1 pating blêntong ora ajêg; 2 (- bisa) sathithik rada bisa.
(dlêming): n-[x] kn 1 gunêman ora karuwan têgêse (dening lara panas lsp); 2 ks. gunêman sêmbarangan.
dlêmok: kn 1 blêntong (tilas mangsi lsp); 2 êngg. ciri (kêlakuan), cihnaning kaluputan (salah); pating [x], n-[x]: pating blêntong (gupak mangsi lsp).
dlêmok-cung: kn isih durung rata, ora padha.
(dlêndêng): n-[x] kn 1 tansah mili (ndlèdèk) bae; 2 pc. tansah têrus urut-urutan tanpa kêndhat (towong).
(dlênjêt): n-[x] pc lunga mrana-mrana (nggêgolèki).
dlêpak: êngg. kn jlupak.
(dlidir): n-[x] kn elur, ndlidir.
(dlijig): n-[x] êngg. kn bêcik (kêpenak ambah-ambahane tmr. dalan).
dligang-dligung: kn (mloka-mlaku) satêngah wuda.
dlika: kayu (pring) malang (iga-iganing ambèn lincak, krêtêg lsp).

dlima: kn ar. wit sarta wohe.
(dlinding): n-[x] ks (tansah) bêbanyu.
dliring: kn janur arèn (digawe nglinting rokok).
dludag: I kn umbul-umbul tanpa koncèr. II n-[x] êngg. kn: mbludag.
(dludug): n-[x] pc têrus nekad (ora pêrduli apa-apa).
(dludur): n-[x] pc nekad kurang ajar.
(dludus): n-[x] êngg. kn pijêr têtakon bae; kc. dhrudhus.
(dlujur): I n-[x] kn 1 nggêjojor jêjêg (tmr. tangan lsp); 2 têrus ngênêr ing; kc. jujur. II di-[x]-i kn: didondomi diganthètake (ut. diblabari).
(dluya): n-[x] kn saya bangêt ênggone nglirwakake pitutur (pakon lsp).
(dlundèng): n-[x] kn dhuwur sarta kuru (tmr.pawakan).
(dlundung): n-[x] kn 1 tansah têrus urut-urutan tanpa kêndhat; 2 ks. bêbanyu; kc. dlêndêng, dumlundung.
(dlurêk): n-[x] pc mlêruk (polatan ut. ênggone ndêlêng).
dlurung: kn kayu sanggan mujur (balunganing omah, krêtêg lsp); n-[x]: saya ndlarung (nekad ênggone nglakoni kang kurang bêcik).
(dlusup): n-[x] kn, pc nlusup.
dluwèk-dluwèk: êngg. pc (gunêman) jêwowak-jêwèwèk.
dluwang: n. dlancang k 1 ak. klikaning wit dianggo sandhanganing (para tapa); 2 barang tipis kang kalumrah ditulisi, digawe buku lsp.
(dlodog): n-[x] kn: ndlodog.
(dlodok): n-[x] kn 1 saèm. ndlèdèk nanging luwih akèh; 2 nlotok; 3 ks. bêbanyu; 4 omong umuk-umukan (gêgorohan).
(dlodor): n-[x] pc ndludur.
(dlojor): n-[x] pc ndlijur, nggêjojor.
(dlole): n-[x] katon modot dawa (sêmu nêkuk).
(dlolèr): n-[x] kn mêtu modot ndlole; matane nganti n-[x] pc: ênggone ngingêtake ora kêdhèp-kêdhèp.
(dlolo): n-[x] pc mêndolo tmr. mata.
(dlomok): n-[x] pc kêladuk (tmr. gunêman lsp); ora -[x] pc: 1 têmênan! ora goroh!; 2 ora ilok! (nggumunake).
(dlondèng): n-[x] kn dhuwur sarta kuru (tmr. pawakan), dawa mêrit tmr. wêwangunan.
(dlondong): n-[x] pc. ks bêbanyu.
(dlondor): n-[x] êngg. pc kurang ajar.
dlonyak-dlonyok: kn têka (mlaku lsp) ora nganggo tata-krama.
dlongah-dlongèh: kn katon ngrêsêpake (bêcik atine) tmr. wong wadon.
dlongap-dlongop: kn plonga-plongo.
dlongop: kn kêmbang cubung (durèn); n-[x]: mlongo.
(du): di-[x] n. dipun-(a)bên k 1 ditarungake; 2 digathukake, dijodhokake; kc. adu.
dubang: kn idune wong nginang.
dubilah: (ut.setan) pc sabawa nelakake gumun bangêt; kc. ngudubilahi.
(dublag): di-[x] pc didulang sarana dijêjêl-jêjêlake (tmr. bayi).
(dublêg): n-[x] êngg. kn mênêng ora ngucap apa-apa; kc. jublêg.
--- 71 ---

dublong ~ dumèh.
dublong: ks sêsukêr; n-[x] ks: bêbanyu.
dubug: kn abuh ing sikil (marga lara bèri-bèri ut. busung).
dubur: (A) kn silit.
(duding): di-[x] êngg. kn dituding.
dudu: n. dede, sanès k, 1 mratelakake yèn seje (liya) ut. ora kurang tmr. têmbung aran ut. sêsulih, up. [x] iki, [x] aku, [x] watu; 2 (ut. [x]-[x] tindak kang ora bênêr (salah, ala), up. aja duwe cipta [x]; (ke-)[x]-[x] pc: bangét, kêluwih-luwih; [x] karêpe dhewe, [x] sabaene pc: ora lumrah; [x] mênus, [x] wong pc: ora ilok, ora lumrah bangêt; [x] suwadine ak: gawat bangêt; [x] (sa-) bênêre n. sanès lêrêsipun k: 1 kliru, salah; 2 dudu samêsthine, ora barès, ora adil; dudon kn. ak:kliru, dudu samêsthine; kc. padudon.
duduh: I kn 1 banyuning wowohan lsp; 2 banyuning jangan (godhogan iwak lsp). II di-[x]-i(-ake) n. dipundêdahi(-akên) k. êngg: dituduhi(-ake).
duduk: I n-[x] kn ngênêr munggah (tmr. lakuning panah lsp). II di-[x] kn. ak: dilajo ing dalêm sadina (supaya têkan, tmr. lêlungan); ke-[x]: kêna ing bêbaya (kacilakan) dadakan. III n-[x](-i) êngg. kn: lagi wiwit (sênêng) manggung.
dudukên: kn nandhang lara bngs. wudun ing gulu.
duduk-wuluh: kn têmbang mêgatruh..
(dudul): di-[x] kn disogok (disêdul) supaya sing ana ing jêro bisa mêtu.
dudur: kn kayu (pring sanggan êmpyak serongan.
(dudut): di-[x] kn ditarik (dicènèng) tmr. tali, barang sing tumancêb lsp; [x]-an: tali lsp. kang didudut; n-[x]-i êngg. pc: wiwit mundhak dhuwur tmr. umur-umuraning bocah.
duga: n. dugi k, kira, pangira; n-[x]: 1 ngira-ira, nyana; 2 nggagas, mangêrti; 3 êngg. têkan; ke-[x]: 1 kêconggah, kuwagang, saguh nandangi; 2 pc. rada sênêng (lêga) atine; pan-[x]: pangira, panyana; kc. dugi, dumugi.
duga-duga: n. dugi-dugi k, 1 kira-kira; 2 (nganggo -) nganggo dipikir dhisik (amrih bêcike).
dugan: êngg. kn dêgan.
(dugang): di-[x] kn ditêndhang (sing ditamakake pucuking dlamakan).
dugang-mirowang: br sakawit ngrewangi, têmahane dadi mungsuh.
duga-prayoga: n. dugi-prayogi k, pangrêmbug kang amurih bêcike.
duga rumêksa: kn. ak ngrêmbug, migatèkake.
duga-wêtara: kn pamikir, panêmu.
duga: (dugi) sampeyan êngg. k: êmbuh! kc. duka.
dugi: êngg. k: 1 têkan, têka; 2 tutug; kc. duga, dumugi.
duging: êngg. kn: anak walang.
duhêt: jk: dhuwêt.
duhita: (S) kw. ak: putri, endah; kc. juwita.
duhka: (S) kw. ak: sêdhih, lara.
duhkata: (S) kw. ak: kasusahan.
duhkita (S) kw: susah, sêdhih.

duk: I kn: tapasing arèn; [x] sandhing gêni pr: wong lanang kumpul karo wong wadon (gampang tumiba ing laku ala). II kw: 1 ak: tuju; 2 nalika, dhèk; duk-dinuk: tuju-tinuju; kc. panduk.
duka ki: nêpsu; didukani ki: disrêngêni.
duka-dalêm: ki: êmbuh.
duka sampeyan: k: êmbuh.
dukacipta: (-cita) kw: susah, kasusahan.
dukduk jk: tumbak.
dukèk: (e, -ku, -mu) êngg: duwèke (-ku, -mu).
dukul: (A) kn. ak: laku sahwat (jina).
dukula: (S) kw. ak: sabuk sutra.
dukut: êngg, k: sukêt.
duksina: kw: kidul.
dul: (A) kn. ak: ar. sêmpalaning agama Islam; santri dul ak: santri lêlamisan.
(dulang): n-[x] kn: nglantarake pangan marang wong lara ut. bocah cilik (saèm. ngloloh).
dulêg: jk.: sêngit.
(dulêk): I di-[x] kn: disogok ing driji (tmr. bolongan). II n-[x] êngg. kn: nganduk bangêt ambune.
duli: I [x] apa! ks: perduli apa! II (S) kw: ak: lêbu.
dulinan: êngg. kn: dolanan.
dulit: kn: luthik ênjêt; ma-[x], jk. cukit [x] ak: bakul ênjêt (= wong asor); di-[x]: 1 diluthik (nganggo driji, tmr. ênjêt lsp); 2 dicirèni nganggo ênjêt lsp, sarana driji dilèrèkake.
Dulkaji, Dulkijah: kn. ak: sasi Bêsar.
Dulkangidah: kn: ar. sasi kang kaping 11.
(dulu): n-[x] 1 êngg. kw: ndêlêng; 2 (yèn n-[x] ...) êngg. kn: yèn nitik ...
(dulur): di-[x] kw: diiring, diêtutake; di-[x]-i kn. ak: didumi, dituruti, dilêksanani; [x]-an kw: urut-urutan; kê [x] kn. ak: kêturutan, kalêksanan; kc. dumulur, sadulur.
(dum): di-[x]-([x])(-ake) kn dibage wrata; di-[x]-i: diwènèhi bagean, dibagèhi; kc. andum, dundum, kêduman, pandum.
dumadakan: kn sanalika iku (rêrikatan) banjur ...; kc. dadak.
dumadi: kw titah, kabèh kang dititahake; kc. dadi.
dumahan: jk tata-tata, sêdhiya.
dumaya: kw. ak kêbul, mega.
duman, dumduman: kn 1 (sa-[x]) saperangan, sabagean; 2 bagean, panduman; kc. dum.
dumara: kw. ak (wc. andum amara) kang minta-minta marang sakabèhing titah (Dewa kang linuwih, Allah).
dumbul: êngg. kn saèm. gathuk (dhumpyuk).
dumèh: kn mung amarga (jalaran) saka, up. [x] sugih bae, banjur ngêdir-êdirake; aja (ora) [x] aja (ora) mung awaton (anggêr), up. aja [x] bisa muni!
--- 72 ---
dumèhne ~ dusana.

dumèhne: êngg. pc dumèh.
dumêling: kn 1 ak. gilap, mêncèrèt; 2 ak. katon wela-wela (cêtha); 3 cêtha bangêt tmr. swara; kc. dêling.
dumil: sa-[x] kn sathithik bangêt.
dumilah: kw sumorot (padhang); kc. dilah.
dumlundung: kn. ak urut-urutan banjur bae; anake [x] ak tansah duwe anak bae; kc. dlundung.
dumuh, dumoh: êngg. ks picak.
dumuk: tandha (cap) [x] kn cap jêmpol (gêgêntining tandha tangan); kêna ing [x] ak ditêrka, didakwa; di-[x] 1 digêpok nganggo pucuking driji; 2 diundhi, dilotre; pêtênge n-[x] irung pêtêng bangêt; n-[x]-[x] grayah-grayah, mèk-mèkan (marga pêtêng lsp); sa-[x] bathuk, sanyari bumi pr (padudon) prakara wong wadon utawa palêmahan, (dilabuhi toh pati); [x]-an bngs. lotrèn (nganggo ndumuk kêrtu lsp. sing sawalike ana angkane).
dumunung: kn 1 sumèlèh (kêprênah) ana ing 2 ak. mapan, manggon; 3 sumurup (kapetung, minangka) dadi 4 tumanja marang (ditanjakake kanggo); 5 ak. wis (bisa) mangêrti dhodhok-sèlèhe; kc. dunung.
dumung: kn ar. ula warnane irêng.
dumuwe: kn surti lan ngati-ati ênggone nganggo barang darbèke; kc. duwe.
dumrojog: kn dadakan têka (mlêbu, ngadhêp lsp); kc. drojog.
duna: (duni) dungkap êngg. pc tuna-dungkap.
dundum: kn mbage-bage, ngêdum-êdum; di-[x]-ake didum-dumake; kc. dum.
dunung: kn 1 ênggon, panggonan; 2 prênah; 3 lungguhing prakara; 4 kêpetung (klêbu) ing wêwêngkon; durung (ora) [x] pc durung (ora) mangêrti têrang, ora cocog karo nyatane; dêdunung ak manggon; di-[x]-i diênggoni; di-[x]-ake 1 dipapanake diprênahake; 2 (ut. di-[x]-[x]-ake) ditêrang-têrangake, ditêrangake kêpriye lungguhing prakara; pa-[x]-an papan kang diênggoni; ka-[x]-an 1 diênggoni, didunungi; 2 duwe, olèh; kc. dumunung.
dunungan: êngg. kn 1 palêrêban, palerenan; 2 lêlurah.
dunung karas: ([x] numpang, [x] omah) êngg. kn mondhok (ing pomahaning liyan).
dunya: kn. ak donga.
dunga: êngg. kn donya.
dungik: kw bngs. endhang (baturing pêndhita).
(dungis): n-[x] kn 1 cupêt sasisih, mênga sasisih; 2 (lambene-) lambene ing dhuwur rada cupêt sarta sêmu nucut.
(dungkap): n-[x] kn 1 mèh têkan ing; 2 bisa nyandhak (mangêrti); dêdungkapan br pangêrti marang; kc. tunadungkap.
dupa: (S) êngg. kn kutug (mênyan lsp); dêdupa ngobong mênyan lsp; didupani dikutugi; wadhah dupa.
(dupara): n-[x] êngg. kn nglêngkara, ora kêtêmu ing nalar.
dupèh, dupih: êngg. kn dumèh.
dupi: kw barêng (ing nalika).

dur: (S) kw ala.
dura: (S) kw. ak 1 adoh. 2 nglêngkara.
duradasih: kn. ak daradasih.
duraka: kn 1 nglakoni dosa, kêdosan marang; 2 ak. mbangkang ing parentah, ngraman.
durantara: (S) kw. ak (adoh antarane) mokal, nglêngkara.
duratma: (S) kw. ak wong ala, maling, buta.
duratmaka: (S) kw wong ala, maling.
duracara: (S) kw 1 ak. kêlakuan ala, piala; 2 ak. goroh, gunêman gêgorohan (apus-apusan); kc. doracara.
durbaga: (S) kw. ak cilaka, nistha.
durbala: (S) kw. ak ringkih, ora rosa.
durbiksa: 1 kw bêkasakan, buta; 2 (S) jk. pacêklik, kêkurangan pangan.
durbud: kn. ak bngs. mriyêm.
durbah: êngg. kn dêrdah.
durjana: kn (wong ala) maling.
dure: êngg. kn dumèh.
durèn: kn ar. wit sarta woh.
(durêk): n-[x] êngg. kn ndlurêk.
durga: (S) kw (angèl ambah-ambahane) bêbaya, pakewuh, sungil.
durgama: (S) kw angèl diambah) bêbaya, pakewuh.
durgati: (S) kw. ak bêbaya, pakewuh.
duryan: jk durèn.
duryas: kn ar. sêmbagi.
duryasa: (S) kw. ak wirang, kawirangan.
duryat: (A) kn. ak kabêgjan.
durlaba: (S) jk angèl olèhe, angèl.
durlaksana: kw 1 laku ala; 2 (S) jk. ngalamat ala.
durlaksmi: (S) kw. ak cilaka.
durma: kn ar. têmbang maca-pat.
durmanggala: (S) kw. ak ngalamat ala, kacilakan.
durmata: (S) kw. ak ala kêlakuane, bodho.
durmeda: (S) kw. ak bodho.
durna: 1 kn.wilah palangan (ing kranjang lsp); 2 kw. pangayoman.
durnadur: kn. ak gurnadur (gupênur).
durniti: (S) kw 1 kalakuan (pranatan) ala; 2 wong ala; 3 mungsuh, satru.
durung: I n. dèrèng k isih kurang karo mangsane (kaanan, tindak, lêlakon) kang dituju, kb. wis; up. [x] tau, [x] matêng, [x] bisa.
dursila: (S) kw 1 (tindak ala) maling; 2 êngg. kn. ala, kawêntar alane.
durta: (S) kw 1 julig; 2 ala, piala.
durcara: (S) `1 kw. ala kêlakuane; 2 êngg. kn. ala, kawêntar alane.
durwiweka: (S) kw. ak 1 kurang ngati-ati; 2 bodho.
durwyasana: (S) kw. ak kurang-ajar.
dus: I êngg. kn dhus. II di-[x] kn dilapis ing êmas (sarana dicêmplungake ing banyu kêras sing wis didokoki êmas); di-[x]-i

disirami ing banyu supaya rêsik (bocah, mayit); kc. adus, dus-dusan, padusan. III (S) kw ala, kc. dur.
dusa: jk dosa.
dusana: (S) kw. ak piala, nistha.
--- 73 ---
dus-dusan ~ don.
dus-dusan: kn barang dandanan sing didus.
duskarta, duskarti: kw panggawe ala, nglakoni ala.
dustha: (S) kw kajuligan; di-[x] kw dicolong.
dusthabudi: (S) kw. ak watak ala.
duta: (S) kw 1 kongkonan (utusan); 2 ak. têlik; 3 ak. ngalamat; di-[x] kw dikongkon.
duta-panglawung: kw ngalamat kêtiwasan.
dutacara: (S) kw. ak alaku têlik.
duwa: I di-[x] kn 1 dicuwak nganggo tangan, disodhokake (dicêngkah); 2 ditampik, dibadal (tmr. dhawuh), ditanggulang dibalèkake. II jk dhukuh.
duwaja: kw kc. dwaja.
duwara: kw kc. dwara.
duwe: (ut. n-[x]) n. gadhah k. kagungan ki mêngku (kadunungan) wêwênang mungguh ing; [x] anak(-bayi) (mêntas) ngalairake anak (bayi); duwe atur (-rêmbug) ana sing arêp diaturake (diusulake); [x] gawe duwe kapêrluan mantu, nêtakake lsp; wong ora [x] wong mlarat; wong dêduwe (-dêduwèn) n. tiyang gêgadhahan k wong kêcukupan (rada sugih); nduwèni n. nggadhahi k 1 duwe, mêngkoni; 2 duwe wêwênang (hak) mungguhing; 3 kadunungan ing.
duwèh: ak kc. duwèk.
duwèk:I n. gadhahan k. kagungan ki kang didarbèni marang, up. [x]-e Naya, [x]-ku, [x]-mu. II n-[x] êngg. ks nanangis; kc. dhuwak.
duwêg: jk dawêg, trêp wêktune, nêdhêng-nêdhênge, pantês.
duwung: I êngg. pc luwung, angur. II kc. kêduwung.
(doble, doblèh): n-[x] kn kandêl sarta nggandhul (tmr. lambe).
(doblog): n-[x] êngg. pc mênêng bae (tanpa nywara, tanpa mangsuli lsp).
(doblong):n-[x] êngg. kn kêmpros, gunêman umuk; kc. dublong.
dobol: kn 1 êngg. jêbol, bojot tmr. tenggok, dondoman lsp; 2 bole mêtu (marga lara ngising lsp); [x] ilat êngg. pc dhêmên goroh; n-[x] ks bêbanyu, ngêntut.
dobong: kn 1 tombong; 2 êngg. tobong, pangobongan gêndhèng lsp.
dodod: kn. kampuh ki jarit amba sarta dawa (dianggo priyayi yèn pasowanan, grêbêgan lsp); [x]-an nganggo dodod.
dodok: êngg. kn saèm. têlik (kongkonane pulisi ut. durjana); [x] acung-acung nuduhake papan sing arêp dimalingi.
dodol: I n. sade k adol barang-barang (diidêrake ut. didhasarake); [x]-an n. (se-) sadean k 1 adol apa-apa; 2 barang dagangan (sing ora pati pangaji); kc. adol, dol. II kn ar. pêlêm, ar. jênang.

(dodor): di-[x] kn disodhok (disogok) nganggo barang sing dawa; di-[x]-ake disogokake (tmr. barang sing dawa).
dodosan: kn, ak dêdosan.
dodot: kn. kampuh ki kc. dodod.
doh: n. têbih k dawaning antara (panggonan siji lan sijine); [x] kana [x] kene pc saka ing kana têkan ing kene; [x] cêdhake dohe, antarane; di-[x]-i disingkiri; saka ka-[x]-an saka ing panggonan kang adoh; kc. adoh, ngêdoh.
dohitra: (S) kw. ak putu.
doyan: kn. kêparêng ki 1 gêlêm mangan (dening rumangsa enak), karêm; 2 ent. gêlêm (karêm) nindakakake, up. [x] ing gawe, [x] turu; sing di-[x]-i sing disênêngi (dikarêmi); [x]-an 1 sing dikarêmi; 2 ks. arêpan, ora tampikan.
dok, dokan: êngg. kn manuk wulung.
doki: (ndoki) êngg. pc ndêloki (dakdêlênge).
(dokok): di-[x](-ake) n. dipundèkèk(-akên) k disèlèhake ing, diprênahahake ing; di-[x]-i disèlèhi, ditrapi.
dol: [x] tinuku n. sade tinumbas k (bab) adol lan tuku barang-barang (dêdagangan); di-[x] n. dipunsade k dikon nuku, diwènèhake kanthi lêliru dhuwit; di-[x]-i n. dipunsadèni k 1 didol, dodol, ngêdol.
dolan: (ut. [x]-[x]) kn. amêng-amêng ki 1 ngenggar-enggar ati sarana mlaku-mlaku lsp; 2 êngg. main; di-[x]-ake 1 diajak dolan-dolan; 2 (ut. didolakakake) diwènèhake supaya dianggo dolanan); di-[x]-i diênêng-ênêngi sarana dolanan lsp; [x]-an kn. amêng-amêng(-an) ki 1 ngenggar-enggar ati; 2 sarana kang dianggo sênêng-sênêng (tmr. bocah), kc. gobag, jèlungan lsp; 3 barang-barang sing dianggo sênêng-sênêng, kc. bonekah, montoran lsp; 4 êngg. main.
dolèk: êngg duwèk.
doloh: êngg. kn dokok.
dolop: êngg. pc 1 pulisi sandi (rêsisir); 2 wong sing dianggo jontror (tmr. ing ngabotohan lsp); di-[x]-(i) 1 ditêlik, dilari (tmr. wong ala); 2 dijontrot (tmr. ngabotohan).
dom: kn 1 saèm. biting cilik alandhêp sing digawe waja (wêsi) kanggo dondom-dondom lsp; 2 ak. jarum; [x] inggris, [x] bundhêl, [x] gorèng warna-warnaning jinise dom; [x] sumurup ing banyu pr laku samar (samun) kaya lakuning têlik; ênggon cina didoli [x] pr ngumukake kapintêran marang wong sing wis luwih pintêr; kc. dondom ngêdom-êdom.
domba: (Prs) kn 1 wêdhus gêdhe; 2 (jinis) kang gêdhe; apêm [x] apêm gêdhe; didombani 1 diawat-awati; 2 dipanggêdhèni.
(domble, domblèh): n-[x] kn kandêl sarta nggandhul (tmr. lambe).
(domblong): n-[x] êngg. kn mlongo marga gumun; kc. jomblong.
(domèl): n-[x] êngg. kn ngomèl, gunêman tanpa têgês.
domèhi: êngg. kn disrêngêni; kc. omèh.
don: kw 1 ênggon, papan; 2 tuju, kang diênêr; têkan ing [x] têkan ing panggonan sing dituju, pungkasane, wasanane; kc. andon, êndon.
--- 74 ---

(dondom) ~ drêngki.
(dondom): [x]-[x] kn lagi dondom di-[x]-i diganthètake sarana didomi (tmr. bakal klambi lsp); [x]-an apa-apa didindomi;[5] kc. dom.
(dondon): n-[x] êngg. kn ajêgan nindakake; [x]-an ak ajêgan, kulina, padinan; kc. andon, êndon.
donok: (n-[x]) pc (wc. ngêndi ana!) ah mokal!
donya: (A) kn 1 jagad (kang dialami iki); 2 (ut. [x] brana) barang-barang kasugihan lsp; tinggal (pancal) [x] mati; ing [x] ngakir saiki tuwin ing jaman kalanggêngan; kadonyan apa-apa kang gêgayutan karo donya.
donga: (A) kn têtêmbungan basa Arab kang dianggo sêmbahyang (nalikane ana kapêrluan); ndêdonga mêmuji; n-[x] ngucapake donga (sêmbahyang); didongani disêmbahyangake sarana ndonga (tmr. kêndurèn lsp); didongakake dipujèk-pujèkake supaya slamêt lsp; pan-[x] pamuji slamêt.
dongèng: kn crita karangan (ent. ngaya-wara); di-[x]-i dicritani dongèng; (de-) [x]-an cêcritan.
(dongong): n-[x] kn mung mênêng (nyawang) bae (ora tumandang ut. ora olèh-olèhan apa-apa).
dongos: (ut. n-[x]) kn lambene ing dhuwur maju (rada turah).
(dopok): n-[x] êngg. kn umuk, sombong, kêmpros.
dora: k goroh.
doradasih: kn kc. daradasih.
doran: kn garan pacul.
dorapala: kw. ak panjaga lawang.
dora-sêmbada: kn goroh dening kêpêksa (nutupi kaluputane wong liya lsp).
doracara: kn goroh, gêgorohan; kc. duracara.
(dorès): n-[x] êngg. pc gumrêmêng gêdumêlan, sugih omong.
dos: pc. k dados, kados.
dosa: (S) kn 1 nêrak (panêrak) marang anggêr-anggêring agama kalawan njarag; 2 nglakoni piala; 3 kaluputan, salah; kc. dêdosan, dodosan.
dosa-pati: n. dosa-pêjah k 1 kaluputan marga agawe pati; 2 ak. ukum pati.
dos napa: pc. k kados punapa?
dos pundi: pc. k kados pundi?
dota: kw. ak pêpadhang, kilat.
dowa: êngg. kn donga.
(dowèh): n-[x] kn lambene ngisor maju (kaya yèn kêpêdhêsên).
(dowèr): n-[x] êngg. pc 1 lambene karo pisan mênga rada njêbrèt; 2 tansah gunêman bae, gêmrumung.
drabya: kw. ak duwe.
drad: (W) kn gêgalêraning uliran (sêkrup).
drajag: [x]-[x], [x]-an kn drojog-drojog têka lsp.
drajak: êngg. pc pathokan jèjèr-jèjèr dianggo watês lsp; kc. tlajak.
drajat: kn pangkat kaluhuran.

dragêm: kn abang sêmu irêng (tmr. ulêsing jaran).
drah: kn ar. sukêt godhonge lêmbut-lêmbut; kc. sadrah.
drak: jk enggal, dumadakan.
drana: (sabar [x]) kw sabar; ora [x] ora sabar (sarèh); kc. darana.
drap: (W) kn njojrog.
drapon: êngg. kn 1 mung waton ditandangi (digarap lsp); 2 (ut. drapona) supaya.
drastul: (W) kn bngs. tandhu.
drasthi, drêsthi: (S) kw pandêlêng, mata; cs. 2.
drawa: (S) kw. ak lèdèng, luluh, ajèr.
drawaya: br drawa.
drawalan: êngg. pc gurawalan.
drawana: (S) kw. ak mili, luluh, lèdèng.
(drawas): n-[x]-i kn mbêbayani, mutawatiri; kc. kêdrawasan.
(drawili): n-[x] kn. ak gunêman tanpa kêndhat.
drawina: (S) kw. ak kasugihan, kamulyan; an-[x] kw (suka-suka) mangan minum.
drawya: (S) kw. ak duwe.
(drèdès): n-[x] kn nrocos mêtu (mili) banyune.
(drèjès): n-[x] pc nywara jès-jès (lênga dianggo nggêgorèng lsp).
drèg: êngg. kn cikar, dhokar.
drègdrègan: êngg. pc ênjal-ênjalan, sarwa kêsusu (rongèh).
drèi: kn saèm. tatah cilik dianggo mutêr sêkrup lsp.
drèl: kn unining bêdhil bêbarêngan (kanggo kurmat lsp); di-[x]-(i) 1 dikurmati sarana drèl; 2 dibêdhili.
(drèndès): n-[x] pc ora omah (tmr. wong wadon).
drèng: êngg. pc swaraning tambur.
drèngas-drèngas: pc cêngèngas-cêngèngès.
drèngès: I kn kêmbang suruh. II n-[x], [x]-an pc nyêngèngès, cêngèngèsan.
(drèwès): n-[x] kn ndlèwèr, ndlèdèk.
drêbya: kw duwe.
drêdah: kn pêpadon, udrêg-udrêgan.
drêjêg, drêjêt: pating [x] kn katon pating crongat landhêp-landhêp (tmr. alang-alang).
(drêdhêg): n-[x] êngg. kn ndhrêdhêg.
drêg: pc kc. drig.
drêgang-drêgang: êngg. kn katon gêdhe dhuwur (tmr. dêdêg piadêg).
drêgdrêgan: pc udrêg-udrêgan.
(drêgil): n-[x] kn srêgêp lan sugih reka kang ngolèhake pamêtu; kc. dêrgil.
drêma: (ut. sa-[x]) kn nindakake apa-apa mung karana nêtêpi wajib; kc. darma, dêrma.
drêman: kn sugih anak; kc. dêrman.
drêmba: kn (yèn mangan) akèh tadhahe.
drêmbombok: êngg. kn sribombok.
drêmi: k drêma; kc. darma, dêrma.

(drêmimil): n-[x] kn tansah gunêman bae (donga lsp).
(drêmunuh): n-[x] kn arêpan (melikan) marang darbèking liyan.
(drênjêt): n-[x] êngg. kn ndlênjêt.
drêng: kw dêrêng.
drênggêm: êngg. kn brênggi.
drêngki: kn mèri (melik) marang kabêgjaning [kabêg...]
--- 75 ---
[...janing] liyan (ora sênêng yèn wong liya olèh kabêgjan).
drês ~ dyata.
drês: kn. ak dêrês; kc. kadrêsan.
drêstanta: (S) kw. ak tuladan, tuladha.
drêstha, drêsthi: (S) kw. ak mata; cs. 2.
drêwya: (S) kw. ak duwe, duwèk.
dri: kw. ak (adri) gunung.
driji: kn gêgêlitaning tangan (sikil) kang pucuk; ngêmut [x] pc ora olèh-olèhan apa-apa.
(drijis): n-[x] êngg. kn mèlikan, cêthil.
(dridhis): n-[x] êngg. kn ndhridhis.
(drig, drik): di-[x] pc dicap; [x]-[x]-an pc cap-capan.
drigama: n. drigami k 1 ak. borang; 2 bêbaya; 3 êngg. wêdi; masang (pasang) [x]; gawe gêlar semêdya ngapusi lsp, sarana krenah (akal, kajuligan).
driganca: kn. ak sulaya, pêpadon.
drigdrigan: pc 1 tansah obah (polah); 2 cap-capan.
drigul: kn ar. manuk.
driya: kw (tuking pangrasa) ati; an-[x] nggagas, ngrasa, ngêrti; ke-[x] krasa ing ati, klêbu ing ati.
driyah: kn. ak dana; n-[x]-i; dêdana marang; di-[x]-ake didanakake, didarmakake.
dril: (W) pc ar. bakal.
drimolên: (W) pc trim mubêng.
(drindhil): n-[x] êngg. kn ndhrindhil.
dringak: pating [x] kn. ak padha cingak.
dringin: kn ar. bakal tênunan (sutra) disêlap ing bênang êmas (lmr. dianggo sabuk).
dringo: kn ar. êmpon-êmpon (dianggo tamba lsp).
dringsêm: kn ar. wit.
(driwili): n[x] êngg. pc ndrêwili.
drub: kn ar. kêrtu gêdhe (truf).
drubiksa: kn bêkasakan (buta lsp, sing manggon ing alas).
druju: kn ar. wit.
(drudhul): n-[x] êngg. kn ndhrudhul.
(drudhus): n-[x] êngg. kn ndhrudhus.
(drug): di-[x]-[x]-ake pc digêdrug-gêdrugake.
druhaka: êngg. kn duraka.
drum: êngg. kn rukun, ayon.
drumas: kw. ak mas.

druni: êngg. kn gêmi, mêdhit.
druta: (S) kw. ak bantêr.
drutawilambita: kw ar. têmbang gêdhe.
druwaka: êngg. kn duraka.
(druwêng): n-[x] kn. ak wangkal bangêt.
(druwili): n-[x] êngg. pc ndrêwili.
(druwis): n-[x] pc ndrêmis.
(drodos): n-[x], [x]-an kn akèh wêtuning luh (kringêt).
(drojog): [x]-[x] kn têka tanpa sraba-sraba; n-[x] 1 bisa mili banter (banyu ing payon lsp); 2 mayat bangêt tmr. payon, dalan lsp; kc. dumrojog, dronjong.
(drojos): n-[x] pc ndrèjès.
(drodhos): n-[x] êngg. kn ndhrodhos.
drohaka: (S) jk laku cidra, mbangkang parentah, ora sêtya; kc. duraka, druhaka.
drohi: (S) kn. ak 1 cidra, ora sêtya; 2 drêngki, jail.
drohun: kn. ak têmbung pamisuh.
(drokong): n-[x] êngg. kn gunêman sêru (murang tata).
dromdroman: êngg. pc mlaku dhêdhampyakan ut. rêroyoman (karo bêngak-bêngok).
(dromos): n-[x] êngg. pc ndrêmis.
drona: (S) jk jun, klênthing.
drondus:(t) êngg. pc têmbung pamisuh.
(dronjong): n-[x] êngg. kn mayat bangêt tmr. dala,[6] payon lsp; [x]-an papan sing ndronjong; kc. drojog.
dwa: (S) jk goroh, kliru.
dwadasa: (S) jk 12.
dwadwat: jk dodot.
dwaja: (S) kw 1 ciri, têtêngêr; 2 gêndera.
dwaya: (S) jk loro.
dwal: jk. dol.
dwan: jk don.
dwandwa: (S) jk sarakit, sajodho, tandhing.
dwani: (S) kw. ak swara.
dwapara: (S) kw. ak ar. jaman (yuga) kang katêlu.
dwara: (S) kw. ak lawang, gapura; cs. 9.
dwarapala, dwarapati: (S) kw. ak panjaga lawang.
dwasta: (S) kw. ak sirna, lêbur; cs. 0.
dwesa: (S) kw. ak sêngit, mêmungsuhan.
dwi: (S) kw 1 loro, 2 ak. swiwi.
dwidasa: (S) kw 20.
dwija: (S) kw 1 pêndhita; 2 guru; cs. 8.
dwijati: (S) kw. ak kc. dwija.
dwijawara: (S) kw pêndhita linuwih.
dwilingga: kn ar. rimbaging têmbung sing dirangkêp linggane, kyt. dolan-dolan.
dwipa: I (S) kw gajah. II (S) kw pulo.

dwipaka: (S) kw. ak gajah.
dwipangga: (S) kw gajah.
dwipurwa: kn ar. rimbaging têmbung kang dirangkêp purwaning lingga, kyt. têtêku[7] (tutuku).
dwirada: (S) kw gajah.
dwirapa: (S) kw. ak gajah.
dwitiya: (S) jk kapindho.
dwiwasana: kn ar. rimbaging têmbung sing dirangkêp pungkasane, kyt. cêluluk (cêluk).
dyah: 1 jk (sêsêbutane) putra tuwin putrining para luhur; 2 kw. (sêbutane) putri; kadyahan gêgolongane para dyah.
dyayi: (S) kw. ak mêlêng puja sêmadi.
dyan: kw nuli, banjur.
dyana: (S) kw. ak mêlêng puja sêmadi.
dyaksa: ke. ak pintêr.
dyatmika kw 1 jêtmika; 2 kaalusan, karohanèn.
dyun jk jun.
dyus jk dus (adus).
dyusta kw. ak sirna, lêbur, kc. dwasta.
dyuta (S) kw. ak dhadhu, ngabotohan.
dyota (S) kw. ak sorot.

1. Huruf Jawa: wulu mêlik.
2. Huruf Jawa: suku mêndut.
3. Huruf Jawa: taling aswara ai.
4. Huruf Jawa: pêpêt aswara êu.
5. sing didondomi.
6. dalan.
7. têtuku.

--- 76 ---

J

ja ~ jaga.
ja: I (S) kw. ak wêtu, lair. II pc. aja. III êngg: jêr, pancèn.
jaa: kn ar. woh; kc. jaha.
jab: êngg. kn ijab, up. jab gêdhene.
jaba: n. jawi k 1 dudu wêwêngkon ing jêro; 2 pc. kêjaba; 3 ing lahir; ratu [x]: Pakualaman; abdi-dalêm [x]: abdi-dalêm kang kabawah marang kapatihan; n-[x] n. njawi k: 1 ing jaba, ing lahir; 2 ing papan kang ora kauban wangon; 3 kêjaba, ngêmungake; ke-[x] n. kêjawi k: 1 ora katut kapetung; 2 ngêmungake, aliya saka; dikêjabakake: ora kapetung, diliyakake.
jaba-jêro: n 1 jaba lan jêro; 2 lahir lan batin.
jabah: I êngg. kn bngs. jêmbangan. II wc: ijabah.
jabal: (A) kn. ak gunung.
jaban: n. jawèn k 1 wêwêngkon ing jaba; 2 ut. [x]-[x]-an: mung ing jaba, cêthèk-cêthèkan.
jabaniyah: (A) kn malaekat panjaga.
jabang: kn bayi.

jabang-bayi: kn bayi kang mêntas lair.
jabangan: êngg. kn anak lele.
jabar: (S) kn sandhangan ing sastra Arab, patah; ora ngrêti [x] jère: ora ngrêti kang dirêmbug.
jabarail: (A) kn ar. malaekat.
(jabar): [x]-an kn 1 êngg. pangkat, panggawean; 2 [x]-an tangan: têtabikan, salaman; kc. jawat.
(jabêg): n-[x] êngg. kn 1 mêmblêng tmr. banyu; 2 nggêglêg, judhêg.
(jabêl): n-[x] kn 1 mbêdhol; 2 njabut, nyêlêd, njaluk bali.
jabing: êngg. kn katon akèh akupêng; n-[x]-i: ngupêngi, njagani.
jabirah: êngg. kn unthuk ing sêgara.
jablas:êngg. kn enggal ilang (êntèk, mari); kc. bablas.
(jablog): n-[x] êngg. kn 1 nyaplok; 2 ks. mangan.
(jabud): n-[x] kn nyabut, mbêdhol; n-[x] nyawa: ngrucat nyawa.
jabung: kn bngs. blêndok irêng sok kanggo nganjingake ukiran lsp; [x] kêmalo: jabung asal saka tlutuh sampang; [x] sêmut: bngs. lak asal saka sêmut; di-[x]: 1 dirakêtake sarana jabung; 2 diapusi; jinabung alus pr: diapusi karana alus.
jabur: I (A) kn kitab masmur anggitane Nabi Dawud. II n-[x]-i kn mènèhi sidhêkah kanggo trawèh; [x]-an: ombèn-ombèn kang dianggo sadhêkah trawèh. III n-[x] êngg. kn: ngawur, ngawag.
jabon: kn ar. wit.
(jabris): n-[x] êngg. kn kucêm; [x]-an: anak lele.
jadah: I Prs) kn. ak anak; karam [x]: anak kang ora absah. II ut. juwadah kn: panganan kang digawe kêtan diêdang lan ditêtêl.
jadwal: (S) kn. ak pratelan.
jaja: I ki dhadha; [x] bang mawinga-winga br: nêpsu bangêt. II kn: bakul kang idêr-idêr; [x] rumat pr: ngrungokake warta, tumuli ditular-tularake; dijajakake: ditukokake panganan lsp; kc. jajan, jojo.
jajag: kn 1 nggêpok ing dhasaring kali lsp; 2 dhadhag, pradhah; n-[x]-i: 1 nduga arêp nyumurupi sapira jêrone; 2 arêp nyumurupi kapintêran ut. kasugihaning liyan.
jajah: kn 1 wis tau sumurup ingêndi-êndi; 2 akèh sêsurupane; n-[x]: 1 lêlungan ngambah ingêndi-êndi; 2 mbawahake; n-[x] desa milang kori pr: lêlungan saparan-paran; [x]-an: 1 wêwêngkon; 2 bawah; ngrupak [x]-aning rowang pr: nyahak panguripaning liyan.
jajah-lanat: (A) kn setan; kc. jajal-laknat.
jajal: kn coba;[x]-[x]: coba-coba, lagi wiwit ajar nindakake; n-[x]: nyoba.
jajal-laknat, jajal-lanat: (S) kn setan.
jajan: kn 1 têtuku panganan; 2 êngg. panganan kang diêdol; 2 êngg. pc. opahan (tukon jajan); [x]-pasar: pêpanganan, tukon pasar; n-[x]-i: sênêng jajan.
jajang: êngg. kn pring.
jajap: êngg. kn bisa; kc. cacap.
jajar: kn 1 jèjèr lêlarikan; 2 sababag, padha pangkate; 3 pangkating priyayi ut. prajurit kang ngisor dhewe; n-[x]-i: ngampingi lumaku ana

ingarêp; [x]-an: 1 prajurit lsp. kang njajari; 2 êngg: olèh-olèhane panèn rêsik sawuse diêlong bawon.
jajil: (S) kn setan; kc. jajal-laknat, ijajil.
jadham, jadhêm: kn blêndok asal saka wit bngs. ilat-baya.
(jadhe): êngg. kn badhe, bêdhèk, pêthèk.
(jadhêl): êngg. kn jabêl.
jadhêm: kc. jadham.
jadhêm-parêm: (W) kn ar. obat (Yodoform)
jadhi: I kn kuwali gêdhe sing digawe têmbaga; kc. jèdhi. II (M) pc: dadi.
jadhug: êngg. kn 1 kêdhot; 2 gêdhe arosa; 3 sing mênggêdhèni; kc. jêdhug.
(jadhul): n-[x] êngg. kn pêtêng ulate.
(jadhum): [x]-an êngg. kn lêlungguhan omong-omongan.
(jadhor): n-[x] êngg. kn kandêl lambene.
jae: I kn ar. êmpon-êmpon rasane pêdhês. II êngg. pc: jajal bae, coba!
jaetun: (S) kn ar. wit lan wohe digawe lênga, sing akèh ing tanah Palêstinah.
jag: I kn sabawaning napak ambèn lsp; [x]-[x]-an: 1 lumaku ing ambèn; 2 dlajigan ora tata. II n-[x] iya êngg. pc: njarag iya, mula nyata.
jaga: (S) n jagi k 1 rumêksa, tungguk; 2 ([x]-ne): sêdiyan kanggo; [x]-[x]: 1 sumadiya, [su...]
--- 77 ---
[...madiya,] cumawis; 2 sediyan yèn ana gawe-parigawe; n-[x]: ngrêksa; njagani: 1 ngadhangi, ngrêksa; 2 nyudiyani, nyawisi; njagakake: ngêndêlake ut. mêsthèkake kasaguhaning liyan lsp.
jaga-baya ~ jail.
jaga-baya: êngg. kn pulisi desa.
jaga-bela: kn. ak lêgojo, singa-nêgara.
jaga-bêngi: êngg. kn wong kang jaga ing wayah bêngi.
jagad: (S) kn bumi saisine; kc. jagat.
jaga-karya: êngg. kn prajurit.
jaga-kêrsa: êngg. kn 1 gandhèking bupati; 2 punggawa pulisi.
jagal: kn tukang nyêmbêlèh raja-kaya; n-[x]: 1 nindakake pakaryan jagal; 2 ak. mbage-mbage banbjur diêdol.
jaga-lamatan: kn. ak ar. prajurit jaman kuna.
jaga-latri: êngg. kn jaga-bêngi.
jaga-malêm: êngg. kn jaga-bêngi.
jaga-mungsuh: kn: ar. mathining jaran.
jagan: êngg. n 1 pajagan, gêrdhu; 2 sudhiyan, kc. jaga.
jagana: (S) kw. ak bokong; 2 sing buri dhewe.
jagang: I kn kalenan ut. jugangan ngubêngi bètèng lsp. di-[x]-i; didèkèki jagang. II kn: 1 congkog awujud cagak têlu ing pucuk gathuk; 2 sanggan, jagrag; andha [x]: andha kang dicongkogi; n-[x]-i: 1 nyongkogi; 2 (uga njagangi) êngg. nyoba bisane ngadêg (mlaku); pêdhèt n-[x]-i: pêdhèt kang lagi wiwit bisa mlaku.

jaga-pura: kn ar. prajurit ing Surakarta.
jaga-praja: kn: ar. prajurit ing Surakarta.
jaga-ripu: kn ar. iwak kali.
jaga-runa: kn sêdiyan yèn ana bêbaya ut. kêkurangan.
jaga-satru: êngg. kn 1 èmpèr ngarêp tanpa jagak, têrusane êmpyak têngah; 2 pagêr pakarangan; 3 tataning baris ngungkurake ingkang Sinuhun.
jaga-sura: kn ar. prajurit.
jagat: (S) kn 1 bumi saisine; 2 alam donya; 3 ent. wêwêngkon, gêgêbêngan, laladan; [x] gêdhe, [x] cilik: isbating alam sawêgung karo badaning manungsa; nêgara padhang [x]-e: nêgara tata-têntrêm; rupak [x]-e: kêpatèn pasaban pangupa-boga; kaya [x] mung sagodhong kelor pr: isih bisa ngupa-boga ana ingêndi-êndi.
jagat-pamungkas: kn swarga.
jagat-karana: kn asaling jagat) Bathara Guru.
jagat-nata: kn (ratuning jagat) Bathara Guru.
jagat-pramudita: kw kabungahaning jagat.
jagat-pratingkah: kw Bathara Guru.
jagat-saksana: (S) kw. ak (pangrêksaning jagat) pangrèh.
jagat-raya: (S) kw jagat têtêlu (Swarga, donya, naraka).
jagat-wèsthi: êngg. kn pulisi.
jag-jagan: kn dlajigan ora tata; kc. jag. I.
jag-jog: êngg. kn 1 pating pêndhukul; 2 ora ajêg.
jagêr: I kn ar. prajurit. II n-[x] êngg. kn ngadêg jêjêg; [x]-an: sanggan dianggo nggraji; kc. cagêr.
jagi: k jaga.
jagir: êngg. kn 1 gudèl nanang; 2 n-[x]: ngadêg mêndongong.
jagul: kn 1 cagakan congkok tracuk grobag lsp; 2 pikulan mawa congkogan diangkat wong têlu; 3 êngg. nyulihi pakaryan.
jagung: kn ar. pala-wija; prada [x]: ar. prada rupane kuning ênom; saumuring [x]: sadhela bangêt; [x]-[x]: ar. gêndhing.
jagur: kn 1 kêpêlan tangan; 2 êngg. pring pranti nggusah manuk; n-[x]: njênggung, ngantêm sing ditamakake kêpêlan tangan kang pênêr jênthik.
jago: n. sawung k 1 pitik lanang; 2 ent. apa-apa sing arêp diêdu: 2 wong sing pêng-pêngan, pinunjul; 4 wong sing diajokake ana ing pilihan (lurah, rad kawula lsp); [x] adon n. (sawung abênan k): jago sing diêdu; [x] bêlehan: 1 jago sing mung dianggo bêlehan; 2 ent. wong sing licik; [x] godhogan: ent. wong jirihan, wong licik; [x] mlite; jago sing ora wani babon; n-[x]-i: 1 mbotohi; 2 ngêjokake jago; [x]-an: jago isih ênom (ut. têtironing jago).
(jagong): n-[x] êngg. kn 1 linggih; 2 mara lêlinggihan mênyang ênggone wong duwe gawe; [x]-an kn.lênggahan ki: lêlinggihan nalikane duwe gawe (mantu, duwe anak lsp).
jagra: (S) kw. ak mêlèk, tangi.
jagrag: kn 1 sanggan cagak blabag panulisan; 2 sanggan diyan; 3 cagakan potrèt lsp; 4 têkên sanggan kanggo uwat-uwat mlaku (wong

sing buntung sikile); 5 ([x]-mu) awakmu! n-[x] êngg. kn: mlaku ut. ngadêg jêjêg abrêgas.
jah: I êngg. pc. wc: pêjah; [x] kula: pêjah kula (kanggo supata).. II dinjah-njah, diênjah-ênjah pc: didlajahi, ora diurutake.
jaha: kn ar.wit wohe sok kanggo pulas irêng; jênênge yaiku: [x] kêling, [x] lawe, [x] tunjung.
jahanam: (A) kn 1 naraka; 2 êngg. kanggo pêpisuh padhane kêparat.
jahat: I kn 1 bênthèt, rêngka; 2 wis tau nglakoni ala; 3 wis tau lara dadi gampang kambuhane; 4 rêkasa larane. II (M) kn: ala; 2 ala watêke, culika.
jahidu: (S) kn wong sing wis mungkur marang kadonyan..
jahnawi: (S) kw 1 kali Gangga; 2 bêngawan, banyu; kc. jinawi.
jahnin: kw. ak plutane têmbung jahnawi.
jahning: kw. ak jahnawi.
jaib: (A) êngg. kn ngeram-eramake.
(jaid): n-[x] kn wanguning mripat, ing cêdhak pilingan sêmu nyênthing munggah.
jail: kn sênêng maeka ing liyan; [x] muthakil; ala atine lan sênêng maeka ing liyan; [x] mringkil pr: wong sing ala atine; n-[x]-i: 1 mialani, maeka; 2 êngg. ngapusi.
--- 78 ---
jais ~ jalma-manungsa.
jais: (S) kn pêsthi, takdir; ke-[x]: wis pinêsthi ing lêlakon.
jait: I kn garit, iris; n-[x]: nggarit, ngiris. II tukang [x] (M) êngg; grêji; mên-[x]: ndondomi; pên-[x]: grêji.
jaya: (S) kw 1 mênang, kamênangan; 2 bêgja, kabêgjan; 3 kuwasa, kasêktèn; [x]-[x]: kamênangan, mêmuji supaya mênang; apês [x]-ne: kalah; sirnaning [x] pr: prakara sing jugar marga paturaning saksi sulaya; sura mrata [x] mrata: sêsumbare wong sing mênang (ing padhalangan).
jayah: êngg. kn dilalah.
jaya-kawijayan: kw aji sing njalari ora bisa kalah.
jayandaru: kn ar.wringin kurung (Yg. Surakarta).
jayanti: janti.
jaya-wijayanti: kw aji sing njalari mêsthi mênang.
jayèng: kw plutane jaya + ing.
jayengan: kn ar. golonganing abdi-dalêm prajurit.
jayèng-astra: kn ar. prajurit ing Surakarta.
jayèng-katong: kn ar. lênga agêming para ratu ut. lênga sing njalari bisa wêruh lêlêmbut (ing padhalangan).
jayèng-sêkar: kn ar. prajurit jêjaranan.
jak: I [x]-[x] hir-hir êngg: sabawaning ngabani kêbo. II wc. ajak. III dinjak-njak êngg. pc: diinjak-injak, diidak-idak.
jaka: kn (jaki êngg. k) 1 bocah lanang sing durung rabi (± umur 16 munggah); 2 sêsêbutane wong sing dadi jêjêring crita ing dongèng-dongèng; jumaka: lagi wayahe jaka.
jaka-bèlèk: kn ar. lintang warnane abang.

jaka-blaro: kn ar. manuk.
jaka-bolot: kn ar. pari.
jaka-jêbug: kn jaka sing wis tuwa.
jaka kumala-kala: kn jaka cilik (± umur 15 taun).
jaka-lara: [x]-rara kn bojo sing kawitan.
jaka-sawur: kn: ar. sukêt.
jakat: (S) kn: dana saperanganing barang darbe ut. pamêtune; n-[x]-i: mènèhi jakat.
jakat-badan: êngg. kn pitrah (jakat ing sasi pasa).
jaka-tuwa: kn ar. Manuk bngs. bèthèt.
jakat-pitrah: (A) kn jakat ing sajroning sasi pasa.
jaka-wuru: kn ar. manuk bangsane guwêg.
jak-jakan: kn. wc ajak-ajakan (sêmayan); kc. jak, ajak.
jak-e: êngg. pc jajal, ndang!
jakèt: (S) kn ar. klambi.
jakim: (S) kn sap-sapaning naraka sing kapindho.
jaksa, jêksa: kn juru ngadili prakara; [x] pring sadhapur pr: jaksa sing tunggal kula-warga.
jal: I [x]-e êngg. pc jajale, jajal. II njal ambêkan pc: unjal ambêkan.
jala: I (S) kw banyu. II kn. (jambêt êngg. k): jaring sing mawa tampang; [x]-[x]: 1 tali lulang dianggo mbêndhèng kêlir; 2 rajut; 3 sing kaya jala.
jaladara: (S) kw: (sing nggawa banyu) mêndhung, mega.
jalada: (S) kw (sing awèh banyu) mêndhung, mega.
jaladri: (S) kw sêgara.
jaladhi: (S) kw: (tandhon banyu) sêgara.
jalaga: kw. ak wadhah.
jalak: I kn ar. manuk; jênênge: [x] kêbo, [x] mas, [x] urèn, [x] pênyu; kêmbang [x]: kêmbang plasa; [x] mêmpan (bênêre: unjal angêmpan) pr: nyambut gawe saka sathithik; [x] ampir pr: lêlungan mampir-mampir; n-[x] dhindhing: candraning lakune wong wadon; n-[x]-i: kêrêp ngising (tmr. bayi wiwit nusu). II ut. tunggang [x]-an kn: githoking jaran, sapi lsp.
jalak-ngure: kn ar. dhapuring kêris.
jalal: (A) kn kamulyaning Allah.
jalan: (M) êngg. kn 1 dalan; 2 laku, mlaku; 3 payu; 4 sarana; 5 lapisan watu (têtêmbunganing tukang batu); [x]-[x]: mlaku-mlaku.
jalanidi: (S) kw (tandhon banyu) sêgara.
jalantara: êngg. kn talangan (bumbungan) dalan banyu sing nglumpati kalèn, dalan lsp.
jalang: I êngg. kn wuli pari. II êngg. kn: palanyahan.
(jalar): I n-[x]-i kn nyêbakake, marakake; [x]-an: 1 mulaning kêdadean; 2 sêbab marga. II n-[x] êngg. kn: nular, mratah (tmr. lêlara).
jalasa: (A) kn. ak linggih.
jalatarangga: (S) kw. ak ombak, alun.
jale: êngg. pc coba, ayo; kc. jajal.
jalèn: ut. bambu [x] kn wilahan ing nam-naman.

jalêr: I k lanang. II [x]-[x] êngg. kn: galêr-galêr, bilur.
jali: I kn ar. têtuwuhan bngs. jagung; [x] kêtan: jali sing enak dipangan; [x] watu: jali sing atos ora kêna dipangan. II n-[x] êngg. kn: njalu mata; kc. jaling, jiling. III (A) kn: padhang, sumorot; impèn [x]: impèn wêdharaning Pangeran.
jalidra: (S) kw wong asor.
jalidri: kn bngs. kangkung tuwuh ing dharatan.
jaligêr: kn ar. iwak loh.
jaling: kn 1 balung saburining pilingan; 2 ([x]-an, jolang-[x]-an) balung thothoking êndhas kutuk; n-[x] ut.n-[x]-i: 1 nggitik lsp. ing jaling; 2 namakake têtêmbungan nganti agawe wirang (kalah padune lsp); ke-[x]-an: 1 kêtaton ing jalinge; 2 kêwirangan, kalah (ora bisa ngunggahi padune).
jalir:êngg. ks bedhangan.
jalirih: êngg. kn thikilan lêmpuyang.
jalisu:kn ar. wit.
jalma:kw wong, manungsa; kc. janma.
jalma-manungsa: ([x]-manungsya, [x]-manungswa) br manungsa
--- 79 ---
jalmi ~ jamur.
jalmi: br jalma.
jalu: I kn balung nyongat ing cakar jago; nyathak [x] watu pr: nênunggoni njogros. II kw: lanang.
jalu bung alang-alang: kn jalu irêng ing cakar sing putih.
jalu-godhog: kn kapal sing lancip.
(jaluk): n-[x] n. nêdha k. nyuwun ki (tmr. asor marang luhur) mundhut ki (tmr. luhur marang asor): nglairake pêpenginane arêp ndarbèni ut. arêp nglakoni; n-[x] lawang n. nêdha kontên k: njaluk supaya lawange diwêngakake; njêjaluk: 1 njaluk warna-warna; 2 ngêmis; [x]-an (pundhutan ki): 1 apa-apa sing dijaluk; 2 sênêng njêjaluk; [x]-an ora wewehan pr: gêlêm njaluk, êmoh gênti mènèhi.
jalu-lèpèk: kn jalu papak (mung mêndhukul sathithik).
jalu-mampang: kn ar. têtuwuhan bngs. simbar mênjangan.
jalon: kn wilah gapiting wêlit (atêp).
jalwèstri: br plutane jalu+èstri (lanang wadon).
jam: (Prs) kn 1 ak. gêlas, bêling; 2 waktu, wayah; 3 waktu sing suwene 1/24 dina; 4 piranti kanggo nyumurupi waktu; ngê-[x]-i: ngetungi têkaning jam.
jamajuja: (A) kn ar. setan awujud rasêksa sing diblênggu, ucule besuk kiyamat.
jamah: I kn ulah lambang-sari; n-[x] ut. n-[x]-i: ndhêmêni; [x]-an: dhêmênan, sêlir. II êngg. kn: cukit wêsi kanggo nglêbokake apyun ing bêdudan.
jamak: (A) kn lumrah, kaprah; ora [x]: 1 ora kaprah; 2 bangêt; wis [x]-e: wis lumrah; kê-[x]: kêlumrah ing akèh; kc. jêmak.
jamal:(A) br kaendahan.
(jamala): n-[x] kw 1 nggitik, nggêbug; 2 nyêrikake.

jaman: (S) kn 1 waktu, mangsa sing suwe; 2 abad; dhèk [x]-e: ing nalikane; ora [x], ora makam pr: 1 ora miturut kalumrahaning akèh; 2 ora karuwan asale; ora n-[x]: ora miturut kaananing jaman; n-[x]-i: miturut lakuning jaman.
jaman akir: (A) kn 1 jaman sawuse urip ana ing donya; 2 ut. akiring [x]: wêkasaning jaman, jaman ing têmbe.
jaman langgêng: [x] kalanggêngan kn jaman sabakdaning urip ing donya.
jaman pati: [x] kêpatèn kn jaman nalikane wong wis mati.
jaman rame: [x] karamean kn: jaman nalikane isih urip ing donya iki.
jamang: kn 1 rêrêngganing sirah awujud blêngkêran êmas lsp; 2 gèmbèl kuping menco; [x]-an: 1 nganggo jamang; 2 têtironing jamang; 3 blêngkêr sêbulaning suling.
jamas: ki kramas.
jamba: kw. ak mbalang. mbuwang.
(jambak): n-[x] kn nêkêm rambut, banjur disêndhal; jumambak: lagi kêna dijambak tmr. rambut; jumambak manak, jumêmbêng mêtêng pr: kêrêp manak.
jambal: I kn 1 iwak daging kaworan gajih; 2 ar. iwak kali; 3 ar. soga jarit Pêkalongan. II n-[x] êngg. kn: nggadho lawuh; dianggo [x]-an: dicamah.
jamban: êngg. kn pakiwan (padusan ngiras kakus).
jambang, jambaran: (an) êngg. kn jambangan.
(jambar): I [x]-an êngg. kn ngêdhèng, ngêblak; kê-[x]: kawêruhan ing akèh. II [x]-an êngg. kn: jambanagan.
jambat: kw. ak nglantur.
jambe: n. wohan k wohe wit pucang sing isih ênom; gêdhang [x]: ar. gêdhang; sêdulur [x] suruh: dudu sêdulur nanging wis manjing dadi sêdulur.; kaya [x] (nom) sinigar (loro, pinaro byak) pr: padha rupane.
jambeyah, jambiyah: kn bngs. lading (kanggo gêgaman).
jam-bèkêr:kn jam sing dianggo nggugah.
jambèl:êngg. kn gombèl mêrak.
jambèt: I êngg. k 1 jabung; 2 jala; 3 jalu; 4 jambu; 5 jamu; 6 jara; 7 jarak; 8 jaring; 9 jaro; 10 garu. II ma-[x] kw. ak: gumantung, nglawèr.
jamblang:êngg. kn 1 woh dhuwêt; 2 ar. bathikan.
(jamblik): n-[x] êngg. kn 1 cêdhak bangêt; 2 nyangklêg.
jambu: kn 1 ar. woh, jênênge warna-warna, up. [x] dêrsana, [x] wèr, [x] tlampok lsp; 2 ar. corak ing kêrtu Walanda; n-[x] ks. njindik.
jambuka: (S) kw. ak asu ajag.
jambul:kn rambut moprok ing êmbun-êmbunan; kongsi [x] wanên: nganti tuwa bangêt.
jambunada: (S) kw. ak êmas.
jambon:kn 1 abang ênom; 2 ar. wit; 3 ks: gêmblakan; kc. jambu.
(jambor):[x]-an êngg. kn campuran; kc. cambor.
jamjam: I kw. ak sarèh, têntrêm. II (A) kn: banyu tuk ing Mêkah; kc. janjam.

jam-gantung: [x]-teplok, [x]-tembok kn jam gêdhe digantungake ing tembok lsp.
jam-gêlang: [x]-tangan kn jam cilik diêtrap ing ugêl-ugêl.
jamhur: kn pinunjul ing kawruh.
jam-kandhutan: [x]gembolan kn jam cilik sing dikandhut; kc. arloji.
jam-loncèng: kn jam gêdhe sing mawa klinthing.
jam-manuk: kn jam gêdhe sing muni: kuk-kuk!
jamu: n. jampi k. loloh ki tamba sing panganggone sarana dipangan ut. diombe; mutah [x]-ne pepe pr: wong lanang sing ilang kadayane; jêjamu: migunakake jamu; njamoni: namakake jamu.
jamuga: (S) kw. ak wasana, kêdadeyane.
jamur: kn 1 bngs. têtuwuhan tanpa godhong uripe ngrusuhi barang liyane; 2 ent. êngg. pamêtu sajabaning blanjane sing mêsthi; [x] tuwuh ing waton pr:
--- 80 ---
kabêgjan sing ora kêna ginayuh; arêp [x]-e êmoh watange pr: arêp kapenake, êmoh rêkasane; n-[x], [x]-ên: kêtuwuhan jamur; [x]-an: 1 wangune kaya jamur (paku, topi, lsp); 2 dolanan bobah.
jamus ~ (janthok).
jamus: kn lamus.
jampang: I kn ar. bngs. sukêt rawa. II n-[x]-i kn: ngrêksa saka kadohan; jêjampangan êngg: brandon dêdagangan sêsidhêman.
jampès:kn bngs. tumaning kewan.
jampêl: I kn blêbêd dhêngkul. II kn: 1 satêngah reyal; 2 êngg. rupiyah.
jampêng: ks 1 budhêg; 2 ora cumêngkling tmr. dhuwit.
jampi:k 1 jamu; 2 tamba.
jamprah, jamprak: kn 1 dawa sarta kêtêl tmr. wulu (rambut) ing buntut; 2 diingu nganti dawa tmr. rambut; kc. jlamprah.
jamprit, jamprut: êngg. kn katon gagah abrêgas.
jamprong: êngg. kn katon gagah abrêgas; kc. jlamprong.
jamrut: kn bngs. intên warnane ijo; kc. jumêrut.
jam-wèsmistêr: kn jam kaya lêmarèn diêdêgake.
jan:êngg. kn 1 murni; 2 nyata, pancèn; [x]-e, sa-[x]-e, [x]-[x]-an: têrang-têrangan, sah-sahan.
jana: I (S) kw wong, manungsa, cs. 1; n-[x]: nitis dadi manungsa. II pc. wc: aja ana.
janah: I kn gênah, têrang. II kn. jênat.
janak: kn kayu gilig dawane sakilan prabot dolanan bênthik.
janaloka: (S) kw (panggonaning manungsa) jagat, donya.
janapada: (S) kw 1 batur; 2 padunungan, donya.
janapriya: ka-[x] (S) kw (tinrêsnan ing manungsa) misuwur.
janardana: (S) kw Bathara Wisnu.
Janawari: (W) kn sasi Walanda sing kapisan.
janawi:kw kc. jahnawi.
jandika:wc jêngandika (panjênêngan).
janjam: (A) kn ar. tuk ing Mêkah; banyu [x]: banyu suci ing sumbêr janjam, kc. jamjam.

janjan: [x]-kuning kn sêmu kuning tmr. ulêsing jaran.
janjang: I kn 1 lêncir; 2 dawa tmr. gulu. II kn: dhompolaning krambil ut. salak.
janjean:kn sêmayan, saguh-sinaguhan; kc. janji.
janjèhi: di-[x] pc (dijanjèni) 1 disaguhi; 2 dikudokake nêtêpi janji; kc. janji.
janjèn-janjènan: kn padha dene saguh arêp nêtêpi janji; kc. janji.
janji, jangji: kn 1 (ut. pra-[x]) saguh arêp nêtêpi kasaguhane; 2 kasaguhan; 3 (ut. [x]-ne anggêre, watone; 4 pc. sabên; 5 watêsing urip; tumêka ing [x]: 1 têkan ing waktu kasaguhane; 2 mati; di-[x]: dikudokake nglakoni kasaguhane; [x]-an êngg: janggêlan tmr. têtuku; pra-[x]: kc. janji 1; pra-[x]-an: 1 bêdhamèn; 2 padha sarujuk arêp nêtêpi; 3 golonging rêmbug sing tinalèn ing kasaguhan.
janjras:êngg. kn sarwa bêcik (tmr. rupa, pawakan).
jandhu:kn bngs. kêndhêla.
jandhuman, jandhoman:êngg. kn lungguh omong-omongan; kc. jadhum.
jandhon:ut. [x]-an êngg. kn kalah nanging ora gêlêm mlayu tmr. jago tarung; 2 nglurug omong-omongan.
jane: êngg. pc: 1 sanyatane, sabênêre; 2 pancène; kc. jan.
jani:êngg. kn opah marang dhukun; kc. ujani, wêjani.
janma:(S) kw manungsa, wong, cs. 1; kc. jalma; [x] mati murka pr: cilaka marga kamurkane; bisa tata [x]: bisa gunêman sacaraning manungsa; [x] mara [x] mati, sato mara sato mati: wingit bangêt; man-[x]: nitis dadi manungsa.
janu:(S) kw panah, gêndhewa.
janur:kn 1 blarak ênom; 2 (balung [x]) balung ênom êlêt-êlêt bolonganing irung; 3 (wêsi) [x] wêsi wilahan tipis sarta lêmês; [x]-an: 1 wêsi wilahaning graji; 2 kamus mawa cathokan, èpèk.
janur-gunung: kn (wngs) kadingarèn.
Januwari: (W) kn sasi Walanda kang kapisan.
jantaka:(S) kw cilaka.
jantar:êngg. kn janglar, bênthèt.
jantèn, jantènan:kn jagung ênom.
jantên: kn 1 payon eyub-eyube prau cilik; 2 êngg. k. jaro.
janti:kn ar. têtuwuhan; kêmbang [x]: ar. ulês jaran saèm. dhawuk.
jantu:kn bumbu (adon-adon) jamu lsp; njantoni: mbumboni jamu lsp.
jantung: kn 1 peranganing jêroan sing dadi pusêr lakuning gêtih; 2 kêmbang gêdhang satlakupane; cinancang ing [x]: ditrêsnani bangêt.
jantur: I ut. [x]-an kn bngs. ulapan, gêndaman; n-[x]: nyulap. II n-[x] kn: nggantung; 2 nggantung jangkrik sarana kasindhêt suthange; 3 êngg. nggantung godhong têmbako ing dholog pamepean; [x]-an êngg: dholog (pring) sing dianggo nyanthèlake godhong têmbako ing gudhang. III n-[x] kn: nyandra (nyritakake) sêsipataning wayang binarêngan gamêlan lirih (padhalangan); [x]-an: crita (candra) ing wayang sing lagi mêtu.
janton: kn bumbu adon-adon; kc. jantu.

jantra: kn 1 rodha, glindhingan, mêsin; 2 pangantihan; 3 uga jinantra: rodha sing diubêngake nganggo kakuwataning banyu; salaku (solah) [x]-ne: satindak-tanduke; ora ngubêngake [x] kêtêkan wong edan pr: kêdhayohan ing wong banjur ngujar-ujari.
(jantrung): n-[x] kn nggêglêg, mênêng bae tanpa krêkat.
(janthok): n-[x] êngg. kn lungguh ndhêpèpèl; kc. jathok.
--- 81 ---
jangan ~ (japlak).
jangan: kn ar. lêlawuhan nganggo ampas sarta duduh; manis [x]: ar. wit klikane wangi lan lêgi; ula [x]: ar. ula ora mawa wisa; n-[x]: kêlan, olah jangan; n-[x]-i: nylamêti bayi; n-[x]-ake: adol barang mas-intên rêrikatan; [x]-an: 1 (ut. jêjanganan) sayuran, gêgodhongan sing kêna dipangan; 2 gudhangan, kuluban; 3 barang mas-intên sing dijanganake; bocah kurang [x]-an pc: kurang ganêp pikirane.
jangan-jangan: (M) êngg. pc yèn kurang kêbênêran, ...
jangji: kn kc. janji.
jangên: êngg. kn jêr.
(jangês): n-[x] kn irêng gilap.
jangêt: I kn tali lulang; kaya [x] kinatêlon: (jangêt dirangkêp têlu) sêntosa bangêt; n-[x]: 1 gawe jangêt; 2 nalèni nganggo jangêt; 3 mluku sawah wiwit ing têngah banjur mubêng.
jangga: I kc gulu. II kw: gadhung.
janggal: êngg. kn 1 wangkod, ora nurutan; 2 kau, wagu, kaku tmr. ukara; kc. banggal.
janggama: (S) kw. ak dating urip, ngaurip.
janggan, jêjanggan: kw saèm. cantrik.
janggar: êngg. kn 1 kêtuwan nganti padha thikil tmr. pari; 2 jagoan (jago cilik).
janggelan: kn ar. sukêt.
janggêl: I kn 1 atèn-atèn jagung; 2 (ut. [x]-an) balung buntut tmr. jaran lsp; [x]-an êngg. k: jagung; ke-[x]-an: ngêthok buntut jaran nrajang ing janggêle. II n-[x]-ake: ngêdol isih nganggo janggêlan; [x]-an: durung têtêp, isih nganggo janji.
(janggêt): n-[x] êngg. kn krakêt, nèmplèk.
janggir: êngg. kn gudèl lanang; kc. jagir.
janggitan: kn: ar. mêmêdi (dhêmit).
jangglêng: kn woh jati; n-[x]: ndêdêlêng ora obah-obah; [x]-an êngg: wit jati ênom (lagi mêntas ditandur).
janggut:kn. kêthêkan ki: peranganing rai sangisoring cangkêm; asuku jaja, atêkên [x] pr: nggolèki apa-apa direwangi ngulandara mênyang êndi-êndi; n-[x]: 1 mênêt nganggo janggut; 2 ngêlus janggut; 3 cêdhak bangêt, nyangklêg.
janggol:êngg. kn 1 kuli pancèn marang kalurahan, sing luput ing aradan liyane; 2 wong sing kawajiban nyambut-gawe gugur-gunung; dianggo [x] pc: mung dianggo lamis bae; n-[x]: lungguh (ngadêg) ora mingsêt-mingsêt (ngêngêntèni, ngadhang-adhang, ngrêrungokake

wong rêmbugan); [x]-an: 1 sawah (têgal) pakulèn; 2 bngs. prau cilik; 3 kayu ing meja kêmasan dianggo landhêsan ngikir.
(janggrêng): n-[x] kn katon gêdhe; kc. jênggarang, jênggêrêng.
janggrung: I (ut. [x]-[x] kn gêdhe lan sêntosa; kc. jlanggrung. II (ut. [x]-an) kn: saèm.nayuban, nanging tlèdhèke barangan, wong sing mbayar kêna ngibing; n-[x]: ngibing tlèdhèk ing janggrungan.
jangka: kn 1 ar. piranti nganggo sikilan loro dianggo gawe cakran lsp; 2 êngg. piranti kanggo ngrajang têmbako; 3 sêdya, pangarah; 4 pêpêsthèning lèlakon; 5 wêwêcan: lambang [x]: wêwêcan awujud pralambang; n-[x]: 1 migunakake jangka (1,2); 2 mêngarah, duwe pangangkah; 3 mêsthèkake lêlakon; 4 mêca.
jangkah: kn 1 antara tumapaking sikil; 2 ent. panjangka, pangarah; amba [x]-e: ent. 1 akèh sing dijangka; 2 bisa nuruti sing dadi jangkane; n-[x]: 1 ngayati mlaku; 2 njangka, ngarah; [x]-an; sikile njangkah tmr. wayang (dudu bokongan).
jangkang:kn 1 woh kêpuh; 2 bngs. jamang wangune tanggalan; [x]-an: bngs. topi wangun tanggalan kanggo yèn nuju dhinês; rêmbulan jumangkang: rêmbulan tanggal nom.
jangkar:I kn cawangan wêsi kanggo gondhèlane prau labuh; buwang [x]: labuh (tmr. prau); bêdhol [x]: mancal lêlayaran. II n-[x] kn: anggone ngundang (nyêbut) mung jênênge cilik ut. ora kapratelakake sêsêbutane.
jangkêp: k ganêp.
jangkung: kn 1 ar. manuk bngs. wulung; 2 êngg. lêncir; 3 ar. dhapuring kêris; n-[x], n-[x]-i njampangi, mêmanuki (ngrêksa saka ing kadohan).
jangkrik: kn ar. kewan bngs. gangsir sok diêdu; kaya [x] mambu kili pr: muring waringutên.
jangkrik-genggong: kn ar. gêndhing.
jangla: kn 1 ora antêpan, ora tlatenan; 2 sênêng mbladhak mangan têtanduran tmr. raja-kaya..
janglar: kn 1 bênthèt, rêngka; 2 ent. enggal pisah pamitrane.
janglaran: engg. pc jalaran.
(janglêng): n-[x] êngg. kn njangglêng, mêndongong.
janglot: kn ar. têtuwuhan.
(janguk): n-[x] êngg. ks thêthênguk nganggur.
(jangur): I n-[x] êngg. kn 1 ngrakit balungan omah sadurunge diêdêgake; 2 thêthênguk dhêlêg-dhêlêg; kc. janguk; di-[x]-ake: dilêmparake, dilêntharake. II kn: ar. dina ing sanga-wara.
(jangus): n-[x] êngg. ks njanguk, njagur.
jauh: (M) êngg. kn adoh; kc. mêrjauh.
(jauk): n-[x] êngg. pc. njaluk.
(jaul): n-[x] êngg. kn mbathi, ngêlongi dodolan, olèh bathi saka kêkèrèning dodolan.
japa: kn. (êngg. k. japi): donga dianggo nênambani lsp; dijapani: didongani supaya mari lsp.
japa-mantra: kn donga dianggo nênambani lsp.

japan:I kn kutha Majakêrta ing jaman biyèn; kênong [x]: kênong gêdhe. II kn: Jêpang.
japana: kn ar. godhong kêna dianggo tamba êntup-êntupan.
japi: êngg. k japa.
japit: kn piranti dianggo mènèt; n-[x]: mènèt nganggo japit.
(japlak): n-[x] êngg. kn 1 mbêndhèng amba tmr. ikêt-ikêtan; 2 nyaprang tmr. brêngos;
--- 82 ---
3 (ut. njaplèk) cêdhak bangêt; 4 (n-[x] êndhas) ngênêtake êndhas sarana kapênêt gulune.
(japlèk) ~ jasmani.
(japlèk): êngg. kn kc. japlak 3.
(japrèt): n-[x] êngg. kn cingit-cingit (tmr. rambut, sukêt lsp).
(japrit): kc. japrèt.
(japrut): n-[x] êngg. ks mbêsêngut, pêtêng ulate.
jar: I [x]-e, jarene pc ujare, kandhane; ma-[x]-ake br: ngandhakake, nyritakake; pa-[x]: wêwarah; pa-[x]-an br: pamulangan; di-[x]-ake êngg: diênêngake bae. II (S) kn: yat (Yard) = 0,9144 m.
jara: I (S) kw tuwa. II kn: piranti kanggo nguncêgi, bur; di-[x]: diêbur.
jarae: êngg. pc karêbèn, ya bèn.
(jarag): n-[x] kn 1 nêmaha, pancèn sinêdya; 2 (ut. [x]-an) kanthi sinêdya; 3 dhasar, mula wis mêngkono, up. aku mono n-[x] ([x]-an) wong mlarat.
jarah: I kn kêsit, ora tutut. II di-[x] kn: dirêbut; di-[x] rayah: dirêbut lan dirayah; [x]-an: olèh-olèhane njarah. III n-[x] ut. njêjarah êngg. pc: jiyarah, tirakat mênyang papan sing kramat.
jarak: kn ar. wit wohe ana sing kêna digawe lênga; tunggak [x] mrajak, tunggak jati mati pr: turune wong cilik dadi gêdhe, turune wong luhur dadi asor; ora karuwan [x]-e pc: ora karuwan alurane tmr. sêduluran; êntèk [x]-e: (êntèk lêngane) êntèk kasugihane ut. nalare; mati [x]-e: 1 mati rêjêkine; 2 turune padha dadi wong cilik; n-[x]-i: 1 milangi nganggo woh jarak; 2 mbincili, mêthèk bêgja-cilakaning wong; [x]-an: ar. ulêsing bèbèk.
jaran: n. kapal k. titihan ki ar. kewan raja-kaya kalêbu kewan nusoni atracak wungkul; [x] kêrubuhan êmpyak pr: kanji marga wis tau ngalami sangsara; kaya nunggang [x] ebeg-ebegan pr: bungah bangêt; omah sadhuwuring [x] pr: ngraman; n-[x]-n-[x] kn: mlayu-mlayu kaya jaran; [x]-an: 1 têtironing jaran; 2 dolanan ngemba-emba jaran; 3 (ut. n-[x], jêjaranan) nunggang jaran.
jaran-dhawuk: kn 1 ar. lintang; 2 ar. lurik warnane dhawuk.
jaran-guyang: kn ar. aji dianggo nggunani wong wadon.
jaran-kepang: kn têtironing jaran sing digawe kepang kanggo jathilan lsp.
jaran-panolèh: kn ar. aji marahi ngolèhake kasugihan.
jarang: êngg. kn 1 arang-arang; 2 panggarangan; 3 ar. wadhah sing digawe blarak; 4 wedang; n-[x]-i pitik: medangi pitik arêp dibubuti wulune.

jarapah: (S) kn ar. kewan bngs. unta.
jarat: (A) kn. ak kubur; [x]-an: kuburan, kramatan.
jare, jarene: n. criyosipun k miturut kandhane; kc. jar.
(jarêm): n-[x] kn tansah krasa lara (mêntas diantêm lsp).
jari: I kw driji. II êngg. kn: bngs. jaring cilik.
jariji: kw driji.
jarijwa: br: jariji (driji).
jariyah: (S) kn. ak pandhêdhêran.
jarik: êngg. pc jarit.
jaring: kn 1 ar. piranti sing digawe rajut gêdhe dianggo golèk iwak, manuk lsp; 2 rajutan klamat kêmangga; n-[x]: migunakake jaring; bisa n-[x] angin pr: kc. angin; [x]-an: 1 usus; 2 ent. jêroan (watak).
jarit: 1 n. sinjang k. nyamping ki. bêbêd, tapih; 2 (ut. jêjarit, jaritan) êngg. gombal; 3 êngg. slendhang; [x] lungsêt ing sampiran pr: kapintêran sing ora diêcakake mêsthi ilang.
jarit-amba: n. sinjang-wiyar k bêbêd ut. tapih.
jarit-kadèn: n. sinjang-kadèn k jarit ciyut dianggo slendhang ut. kêmbên.
jarna: êngg karêbèn, ya bèn.
jarnih: kw bêning.
jaruh: kn 1 wis wanuh bangêt; 2 kisruh, dadi giras; 3 kawruhan ing akèh; n-[x]-i: ngrigoni.
jarum: kn 1 dom; 2 tudinging jam lsp; n-[x]-i: 1 ndondomi; 2 madokake rêmbug tmr. wong lanang karo wong wadon; [x]-an: 1 dondoman; 2 jomblang sing nggathukake wong lanang karo wong wadon.
jarupih: kn. ak upih.
jaro: kn 1 cagaking pagêr; 2 (pagêr [x]) êngg. pagêr pring ing pakarangan; 3 êngg. lurah desa.
jaroh: êngg. pc: jaruh.
jarong: kn ar. wit.
jarot: kn 1 sêrating asêm, pêlêm lsp; 2 wulêd, kêngkêng tmr. badan.
jarwa: kn 1 katêrangan têgêsing têmbung kawi; 2 (layang [x]) dudu kawi, kanggo basa Jawa sing lumrah; kurang [x]: kurang têrang (barès); matur sa-[x]: matur barès; [x]-ne: 1 têgêse; 2 gênahe, têrange; dijarwani, dijarwakake: ditêrangake, ditêgêsi.
jarwa-dhosok: kn katêranganing têmbung kawi mung dipiyagah.
jarwa-suta: kn jarwa-dhosok.
jarwi: êngg. k jarwa.
jas: (S) kn klambi lanang (potongan Walanda).
jas-bukak: n. jas-bikak k jas sing ing dhadha bukakan.
jasa: I (S) kn lêlabuhan, panggawe bêcik. II êngg. kn: bngs. wêsi putih; kc. rêjasa.
jasad: (S) kn 1 badan; 2 kaananing maujud; ke-[x]: 1 (klêbu ing jasad) kêpangan; 2 manjing dadi sêdulur.
jasadi: (S) kn mungguh ing badan.
jasbèn: (W) kn jèsbèn, musikan.
jas-jis, jas-jus: êngg. pc ora tumanja, ora tlatenan (tmr. panggawean).

jasêm: kn ar. wit.
jasmani: (S) kn 1 mawa badan; 2 wadhag; kb. rohani.
--- 83 ---
jas-tutup ~ jèjèr.
jas-tutup: kn jas sing ing dhadha tutupan.
jat: kn. ak dat.
jata: kw gêni; cs. 3.
jatah: êngg. kn 1 (ut. [x]-e wis dhasare; 2 mula dhasar nyata; 3 pancèn; 4 (ut. n-[x] wis kêbacut duwe kamanuhan (ala); di-[x]: dipatah.
jatarupa: (S) kw êmas.
(jat-jêt): wis n-[x]-n-[x] pc wis duwe rasa arêp tumandang.
(jat-jit): n-[x]-n-[x] pc gonjit, obah gonjing.
jatèn:ut. pêjatèn n alas jati; kc. jati.
jatên, jatêng: êngg. kn pancèn kêbangêtên.
jati: I (S) kn nyata, tulèn; sa-[x]: sanyata, satêmêne, tulèn; dijatèni: diblakani, ditêrangake nyatane. II n. jatos k: ar. wit kayune dianggo dandanan warna-warna; [x] kêtlusuban luyung pr: 1 kêlêbon têlik; 2 kabêcikan sing kêlêbon piala.
jati-ngarang: kn naga sing rumêksa keblat; 2 bngs. jodhang pêsagèn kanggo wadhah ajat dalêm.
jatmika: kn tansah nganggo tata-trapsila tmr. kalakuan.
jatu: êngg. kn jantu.
jatuh: I (M) kn (tiba) bangkrut, bobrok. II n-[x] êngg. kn: wis kêbacut duwe kamanuhan ala.
jatukarma: kw. ak kc. jatukrama.
jatukrama: kw bojo.
jatukrami: kw bojo.
jatoh: êngg. pc jatuh.
jatos: k jati.
jatya: (S) kw nyata, sajati.
jatha: (S) kw 1 rambut, gimbal; 2 siyung, untu; pari jatha kn: 1 ar. têtuwuhan; 2 ar. lagu têmbang sinom.
jathadhara: (S) kw (arambut gimbal) mêrtapa, matiraga.
(jathak, jathèk, jathêk): n-[x] êngg. pc njanggol.
jathara: (S) kw 1 wêtêng.
(jathil): n-[x] kn njogèd nunggang jaran kepang; [x]-an: ar. tontonan jêjogèdan nganggo nunggang jaran kepang.
(jathuk, jathur, jathus, jathok, jathos): n-[x] êngg pc 1 njanggol; 2 nyangklêg, cêdhak bangêt.
(jathok): n-[x] êngg. kn 1 nglakoni ayahan jaga ing; 2 kc. janthok, jathuk.
jawa: 1 kw. juwawut; 2 n. jawi k. 1 ar. pulo (basa, bangsa) ing kapuloan Sundha-gêdhe; 2 dudu asal ngamanca (lumrah, para, kurang aji), up. gula [x], sabun [x] lsp; durung [x]: durung mangêrti karêpe; njawani: tindak-tanduke kaya wong Jawa; njawakake: nyalin ing basa Jawa; kêjawan: 1 tanah sing isih rada kawêngku ratu Jawa (Surakarta,

Ngayogyakarta); 2 palêmahan desa sing durung kasewakake marang kabudidayan.
jawab: (A) kn 1 wangsulan; 2 panêmbung; n-[x]: 1 mangsuli; 2 nêmbung; 3 ngrasani; tanggung {x}: nanggung ala-bêcike.
jawah: k udan.
jawal: êngg. kn rada edan, kurang ajar.
jawan: I kn 1 ar. sukêt; 2 rêrêngganing kêris ing mêndhak.. II (ut. kêjawan): kc. jawa.
jawar: kn ar. wit.
(jawat): n-[x] kn 1 nyêkêl, nggêpok; 2 nêmbung (mbalang sêmu) ngajak bedhangan; n-[x] tangan, [x]-an tangan: salaman, têtabikan; pan-[x]: 1 êlar ing pucuking suwiwi; 2 prajurit sing dumunung ing pinggiring barisan.
jawata: (S) kw dewa.
(jawèl): n-[x] êngg. kn linggih (ngadêg) mêndongong.
jawèn: I kn jaban; kc. jaba. II k: jawan (kêjawan); kc. jawa. III êngg. kn: sapi isih ênom; jawi III.
jawès: kn rambut ing sangisoring lambe ngisor (têngah bênêr).
jawèh: I k udan.
jawi: I k jaba. II k: jawa. III (ut. jêjawi) kn: banthèng, sapi alasan.
(jawil): n-[x] kn 1 nyenggol nganggo driji (arêp nyasmitani lsp); 2 ngandhani, awèh wêruh; pidak sikil [x] mungkur pr: kêkêthikan, sêmayan; [x]-an: ulêman.
jawuh, jawoh: êngg. k udan.
je: I êngg. pc 1 jare, kandhane; 2 kanggo ngantêpake surasa, up. aku je! II (Prs) kn: ar. taun kang kapat ing windu.
(jèbèh): n-[x] êngg. kn mawa sinthingan dawa amba (ikêt-ikêtan); [x]-an: sinthingan njèbèh.
(jèbèr): di-[x] êngg dibèbèr.
jèbèt: ut. [x]-an êngg. kn watêsing alas karo patêgalan.
(jèblèk): wêsi [x]-an êngg wêsi blebekan.
(jebung): [x]-an êngg. kn srawungan, mêmitran.
jebor: kn siwur gêdhe garane dawa; n-[x]: 1 êngg. ngêjogi banyu supaya suda kênthêle; 2 nyampur malam sing arêp dianggo mbathik; [x]-an: malam sing wis dicampur.
jebot: êngg. kn rêkasa, kangèlan.
(jèbrèng): n-[x] êngg. kn njèrèng, njèmbrèng.
jèbrès: kn rambuting kewan ing cangkêm; n-[x]: 1 mawa rambut; 2 brêngos dawa mbêngkêluk.
(jebrot): n-[x] êngg. kn gêdhe bangkèkane tmr. bocah wadon.
jèd: kn mati.
jèdèng, jêdêng: ks mati
(jèjèg): I n-[x] kn. saèm. njojog tmr. lakuning jaran. II n-[x], [x]-an êngg. kn: pintêr.
jèjèr: ut. [x]-[x] kn 1 nunggal salarik; 2 lêlarikan, jèntrèk-jèntrèk; n-[x]: nata lêlarikan; n-[x]-i: 1 nyandhing sarta jèjèr; 2 madhani, nimbangi.
--- 84 ---

jèjèr-wayang ~ jèpèt.
jèjèr-wayang: kn jèjèr lêlarikan kaya wayang disimping.
jedok: pc 1 wedok; 2 cupêt tmr. manah lsp.
jèdhèng: êngg. kn ênom bangêt.
jèdhi: êngg. kn jadhi.
jedhor: I êngg. kn 1 bngs. bêdhug; 2 (ut. [x]-an) jêjogetan nganggo têtabuhan jedhor. II n-[x] êngg. kn: kandêl tmr. lambe.
jèg: di-[x]-i kn diêsur ênggone (ut. pangkate).
(jegal): n-[x] kn 1 nibakake sarana nggèrèd sikil; 2 nyêngkolong ginêm, nyrekal.
jegan: êngg kc. jegang.
jegang: kn linggih sikile sing siji tumapak (klêbu murang tata).
(jègèg): n-[x] êngg. kn 1 gumun; 2 nggumunake.
(jègèn): n-[x] êngg. kn mbagèhi.
(jeglug, jeglok): n-[x] êngg. kn dheglog, pincang.
(jegung): di-[x] kn dijegal sarana tampar lsp.
(jegong): n-[x] êngg. kn linggih; kc. jagong.
jegos:ks bisa.
jegrang: kn kurang dawa (kêdhuwurên) tmr. bêbêdan ut. kathok; kc. jigrang.
(jègrèg): n-[x] êngg. kn ngadêg jêjêg; kc. jagrag.
jegros: êngg. ks bisa; kc. jegos.
jèh: I wc lènjèh; wong wadon [x] ks: palanyahan. II pc: isih; kc. jih. III ut. jehan êngg: jêrnèh, jênèh.
(jèhèh): n-[x] êngg. kn linggih ing papan sing dudu mêsthine; kc. jêgèl.
jèk: I êngg. pc isih. II di-[x]-(i) êngg. pc: diajak. III di-[x]-ake êngg. pc: dipijèkakake, dipilih. IV di-[x]-[x]-ake êngg. pc: diaji-aji. V wis [x]-e êngg. pc: wis mêsthi, pancèn mula mêngkono, kc. jèkman, jèk-mula.
jèkman, jèk-mula: êngg. pc wis mêsthi, pancèn mula mêngkono.
jèlèh: kn pinggiring tlapukan abang sarta ngêmu banyu (lêlaraning mata).
jèlès: kn jèlèh.
jelung: ut. [x]-an kn dolanan umpêtan; kc. jêmbelung, jethung.
jelung-èdhèr: kn jelungan ora nganggo ndhêlik.
jelung-umpêt: kn jelungan sarana ndhêlik.
jelok: êngg. kn jengkol.
jèmbès: kn rèmbès (lêlaraning mata).
jèmbèt, jembit: êngg. kn 1 njaluk lèrèn sêdhela tmr. dolanan, main lsp; 2 (trima [x]) ora gêlêm, suthik, rumasa ora kêconggah; kc. jêmbelit.
jèmblèk: kn 1 mblobok ngêmu banyu tmr. mata; 2 luluh lan krakêt ngênêg-ngênêgi; 3 êngg. kêntekan akal; 4 êngg. ora olèh gawe, ora dadi ênggone iksamên lsp.
(jèmblêm): n-[x] kn 1 sêsipataning praèn sing ora ramping; 2 mênêng bae tanpa omong-omong (kaya wong bodho bangêt).
jembrak: kn rembyak-rembyak tmr. suri lsp.
(jèmbrèng): di-[x] kn dijèrèng (godhong têmbako lsp).

(jèmbrèt): n-[x] êngg. kn ngunèkake kèlèk sarana kalêbonan tangan banjur katangkêbake.
jèmèh: kn 1. ar. mainan nganggo kêrtu cilik; 2 êngg. kalah, mati.
jèmèk: êngg. pc jêmèk.
jèmpèr: êngg. kn jimpe, cape.
jempo: êngg. kn jêmpo.
jempor: êngg. kn cape, epor; kc. jêmpor.
jendral: (S) kn panggêdhening prajurit; Gupênur [x], Gurnadur [x]: pangkat sing luhur dhewe sing ngêrèh tanah jajahan; kêtela [x]: kêtela puhung.
jènjèk: êngg. pc kalah.
jènjènan: pc ijèn-ijènan.
jènjèt: êngg. kn dhêdhaking jagung, kuliting jagung saglintir; n-[x] matane êngg: mêndêlik (amba) matane.
jendhol: êngg. kn jêndhol.
jene: êngg. kn jare, jarene.
(jènèd): n-[x] êngg. kn bagus.
(jèni): I di-[x] pc diajèni. II di-[x] pc: diajèni.
(jentol, jêntol): n-[x] kn abuh mêntas dicokot lêmut lsp.
jèntrèh: kn kc. jlèntrèh.
jèntrèk: ut. px]-[x]: thèrèk, jèjèr lêlarikan.
jènyèk: êngg. kn kalah.
(jèngèk): n-[x] kn êndhase ndêngangak arêp ngungak lsp.
(jèngèr): n-[x] êngg. kn ndêngangak sêmu umuk (gumêdhe).
(jènggèl): n-[x] kn 1 mumbul (tangi) sêthithik êndhase; 2 eling tmr. sêmaput; golèk [x]: golèk yèn disèlèhake mêsthi njènggèl.
jènggèr: êngg. kn jènggèr.
(jènggléh): n-[x] êngg. kn katon cêtha (dièglèhake).
(jenggo): n-[x] êngg. kn mênêng ora gunêman.
jenggot: kn. gumbala ki rambut ing janggut; [x]-an: nganggo jenggot.
jenggot-wêsi: kn ar. têtuwuhan.
(jengkang): êngg. kn kc. jêngkang.
jèngkèl: kn 1 mangkêl sarta grêgêtên; 2 êngg. nêpsu, muring.
jèngkèng: kn 1 sikile nêkuk dhêngkule ditapakake; 2 êngg. ndhodhok (sikile jinjit).
jèngkèr: êngg. kn kandha; di-[x]-ake: dikandhakake, dijlèntrèhake.
jèngklèk: ut. [x]-[x], jengklak-[x] êngg. kn jêjogètan jingklak-jingklak.
jengkol: kn ar. wit wohe mambu ora enak; [x]-ên: lara nguyuh (marga kakehan mangan jengkol).
jèpèk: êngg. kn kc. jeple, jèplèk.
jèpèn: kn bngs. jali kêtan.
jèpèt: kn ar. iwak loh.
--- 85 ---
(jeple) ~ jêjêg.
(jeple, jèplèk): n-[x] êngg. kn gampang kasumurupan.

jèr: I (A) kn ar. sandhangan ing sastra Arab. II ngê-[x]: 1 ngluluh sarana diobong; 2 nyuwèrake barang kênthêl sarana banyu lsp; [x]-[x]-an: apa-apa sing wis diêjèr.
jèr-jèran: kc. jèr.
jère, jèrèke, jèrèn: êngg. pc jare, jarene.
(jèrèng): n-[x] kn 1 nggêlar, njèmbrèng; 2 ent. njlèntrèhake, mahyakake prakara sing kinêkêr; 3 ngubêtake pamêtune supaya bisa kêcukup kabutuhane.
jès: kn pêpindhan swaraning rèk murub; ngê-[x]-ake: ngêrèkake.
jèsbèn: kn musikan; kc. jasbèn.
jetun: kn jaetun.
jèthêk: êngg. kn lêthêk, rêgêd.
(jethung): [x]-an kn jelungan, jêmbelungan.
(jèwèr): n-[x] kn narik kuping.
(jêbabah): n-[x] kn 1 sumèlèh tangane dijênggarake; 2 katon rowa (gêdhe).
jêbad: I (A) kn dhèdhès, wêwangi; di-[x]-i: diblonyo nganggo lênga jêbad. II êngg. kn: bêjad, bujad.
jêbag: I êngg. kn bngs. layah; kc. jobag. II êngg. kn: jêplakan pasangan manuk. III êngg. kn: tuwa, kasèp anggone omah-omah; kc. jubag.
(jêbamblang): [x]-an êngg. pc akèh bangêt.
(jêbèbèh): n-[x] kn katon malang amba lan dawa.
jêbèng: êngg. kn panyêbut marang bocah (thole, dhenok, ênggèr).
jêbèr: kn 1 wêsi piringan kanggo êlêt-êlêt gathuking sêpur siji lan sijine; 2 n-[x]: mawa pinggiran amba lan mlêngkung (tmr. lambe, irung lsp).
(jêbêbêg): n-[x] kn 1 rasaning wêtêng kaya kêbak; 2 ent. mangkêl.
jêbên: kn lagi sênêng-sênênge; [x] bêbêd: bocah lanang umur 8, 9 taun; [x] sruwal: bocah lanang umur 5-6 taun; [x] tapih: bocah wadon umur 6-7 taun.
jêbêng: I kn 1 gombyokan lawe; 2 (lawung [x]) tumbak nganggo gombyok (cêmpol); 3 tumbak dianggo njogèd; jumêbêng: rambut sing ngarêpake jumambak. II kn: kc. jêbên.
(jêbibir): n-[x]; kêndho ut. mlêndhung marga kodanan, kadhêmên lsp. (tmr. lulang, lambe).
(jêmbimblik): n-[x] kn sipating praèn sêmu arêp nangis (marga kagèt, kêcuwan lsp).
(jêbir): n-[x] kn saèm. njêbèr.
(jêblang): n-[x] êngg. kn mênga ngêblak; di-[x]-ake: diêblakake.
jêblas-jêblès: kn swaraning wong mbêbêntusake: kc. jêblès.
jêblas-jêblis: kn swaraning wong nyêrèt.
jêblas-jêblus: kn: mlêbu mêtu (ing lawang).
jêblès: kn pêpindhaning swara kêbêntus; di-[x]-ake: dibêntusake.
jêbling: kn nêrangake gampang panyopote.
jêblis: kn sabawaning nyêrèt madat; a-[x] ks: nyêrèt: sa-[x]-an sasêretan (saakêpan).

(jêblung): n-[x] kn 1 pêcah kanthi swara sêru; 2 mblêdhos tmr. gunung; 3 muntab nêpsune; di-[x], dijêblog êngg: 1 digudag; 2 diapusi.
(jêblus): n-[x] êngg. pc. njêdhul; kc. jêbus.
jêblog: I kn 1 akèh blêthoke tmr. dalan; 2 rêgêd, ora aji tmr. kaanan; 3 mati tmr. main jèmèh; [x]-an: 1 lêmah kang jêblog; 2 ks. palanyahan. II n-[x] êngg. kn mbijig, nyrudug; kc. jêblug.
(jêblong): êngg kc. jêmblong.
(jêblos): n-[x] kn 1 mblêdhos, njêblug; 2 ora dadi, cabar, ora olèh gawe; 3 kapitunan ênggone dêdagangan; 4 ora dadi iksamêne; 5 ora tanggon (ora tulèn) tmr. barang; ke-[x]: 1 kêblêsêk; 2 kêblusuk, kapusan tuku barang sing ora apik; 3 kapitunan ênggone dêdagangan; [x]-an: dalan butulan.
(jêbubug): n-[x] kn katon gêdhe ora ringkês.
jêbug: kn jambe tuwa; sa-[x] têkan lambarane: cilik bangêt; jaka [x]: jaka sing wis tuwa; ora ketung [x]: ora ketung wong asor; n-[x]: katon blêndhuk, ora ramping, ora mêrit.
jêbul: kn 1 (ut. [x]-an) têmbusan, bolongan (dalan) sing anjog ing; 2 anjog (têkan) ing: 3 sumbut, cocog karo kulakane; 4 (ut. [x]-e) dadine mung, pungkasane, up. dak-arani si Suta, [x] si Naya; ora ana [x]-e: ora ana kanyataane (tmr. kasaguhan, panggawean lsp); n-[x]: njêdhul, mêtu ing.
(jêbumbung): êngg. kn kc. jêbubug.
(jêbur): n-[x] êngg. kn njêgur, nyêmplung, ambyur.
jêbus: êngg. kn kc. jêbul.
(jêbobog): n-[x] kn 1 ora ringkês; 2 ora ditata tmr. rambut.
jêbod: êngg. kn bojod, bujad.
jêbol: kn 1 botol ing dhasare; 2 suwèk amba tmr. jarit lsp; 3 bodhol, cêpot tmr. wit, rambut lsp; 4 cabar, ora katêkan sing dadi panjangkane; n-[x]: 1 mêtu ing lawang (bolongan lsp); kc. jêbul; 2 mbotol, nyuwèk nganti jêbol; 3 mbêdhol.
(jêbomblog, jêbombrot): n-[x] êngg. kn ora rêsik, ora macak.
(jêbos): n-[x] êngg. kn têmbus ing, anjog ing; kc. jêbus, jêbul.
(jêbrag): n-[x] êngg. kn mêlar njêgrag.
(jêbrèd): n-[x] kn pinggirane mêgar mundhak amba (tmr. lambe, bolongan, tatu lsp).
(jêbrig): n-[x] êngg. kn njêgrig.
(jêbring): pating [x] kn cêndhak-cêndhak sarta ora akèh tmr. rambut.
jêbrol: kn katêranganing mêtu rikat; n-[x]: 1 lahir (mêtu) kanthi gampang; 2 (ut. n-[x]-i) mbêdholi.
(jêjak): n-[x] kn 1 saèm. ndhupak, mancal; 2 êngg. pc. bêcik bangêt; [x]-an: 1 pidakan ing obengan mêsin; 2 sing disêpèlèkake bangêt.
jêjêg: kn 1 ora dhoyong; 2 awangun pojok 90º; 3 ora owah gingsir, adil; 4 trêp ganêp kaya mêsthine ora kurang ora
--- 86 ---
luwih; ora [x] pikirane: edan; di-[x]-ake: dibênêrake supaya jêjêg.
jêjêk ~ jêgur.

(jêjèk): êngg. kn: kc. jêjak.
jêjêl: kn riyêl, kêbak bangét; n-[x], n-[x]-i: 1 nêsêli, nglêbokake apa-apa karêbèn kêbak; 2 ks. ngingoni, makani.
(jêjêp): n-[x], n-[x]-i kn ndingkik; kc. dhêdhêp.
jêjêr: kb 1 adêg; 2 baku, sing dadi pokok; 3 bakuning crita; 4 peranganing ukara sing dadi baku lairing gagasan; 5 lagi madêg padha rêrêmbugan tmr. wayang; n-[x]: ngadêg jêjêg; n-[x]-i: 1 êngg. ngêpe pari diêdêgake; 2 masang ukiran; [x]-an: 1 êngg. cagak, pathokan; 2 êngg. pari lsp. sing isih ana ing sawah (têgal); 3 k. ukiran; 4 êngg. k. landheyan; 5 peranganing crita ing wayang miturut sing jêjêr; 6 êngg. pawitan.
jêjêt: I kn irat-iratan pring (pênjalin) sing dianggo ngglamit wêngku lsp; di-[x]: diglamit ngango jêjêt. II anyêb n-[x] kn: 1 anyêb bangêt; 2 êngg. tanpa rasa.
jêdhag: I ks bisa. II n-[x] êngg. kn: mlumah ngathang-athang.
jêdhar-jêdhèr, jêdhar-jêdhor: kn swaraning bêdhil.
jêdhar-jêdhir: kn wola-wali njêdhir tmr. lambe.
(jêdhe, jêdhèk): êngg. pc. bêdhe, badhe.
jêdhèr, jêdhèt: kn pêpindhan swaraning bêdhil.
jêdhêg: kn 1 pantog, ora bisa têrus; 2 judhêg, kêntèkan akal; n-[x]-ake: ngêtokake tmr. rêmbug ut. mriksa prakara (nglari barang colongan lsp); ke-[x]: 1 kêna ing dakwa marga dadi pantoging panglarining prakara; 2 kêpohan nyauri utange wong sing ditanggung; 3 kêntekan akal.
(jêdhidhig): n-[x] kn 1 kaananing rambut sing ora kopèn; 2 ikêt-ikêtan saèm.jêplakan; 3 kêmbang mlandhingan; kc. jêdhig.
jêdhig: kn: 1 rambut pating krêmbyah ora kopèn; 2 (ut. n-[x]) ikêt-ikêtan saèm. jêplakan.
jêdhil: kn jêbling, sabawaning nyopot n-[x]: 1 êngg. njêblis, nyêrèt; 2 nyêthil, nyopot untu lsp; [x]-an: êngg. main sarana umbuk, sing mênang njupuk sêthithik; sa-[x]-an: êngg. sajêblisan tmr. nyêrèt.
(jêdhindhil): n-[x] kn kêntekan kakuwatan marga kodanan ut. kasiram ing banyu.
jêdhing: kn 1 wadhah gêdhe sing digawe wêsi; 2 êngg. wadhah banyu kaya kulah dianggo adus.
(jêdhir): n-[x] kn kêladuk maju tmr. lambe.
(jêdhit): I n-[x] êngg. kn njêblis, njêdhil. II n-[x] êngg. kn: gêlungan alus sarta tata.
(jêdhudhug): n-[x] êngg. kn mbêdhudhug.
jêdhug: êngg. kn anjog ing, pantog ing;
jêjêdhug: êngg gêgêdhug, bêbenggol; kc. jadhug.
jêdhul: kn 1 katêrangane mêtu; 2 jêbul, anjog ing; n-[x]: mêtu, mêncungul, ngaton; jumêdhul: mêtu ngaton.
jêdhung: kn ar. ulêr saèm. ulêr kèkèt.
jêdhur: kn saèm. jêdhèr luwih sêru.
(jêdhodhog, jêdhodhot): n-[x] kn linggih tanpa tumandang ing gawe sarta ora mênganggo samêsthine.

(jêdhog): n-[x] êngg. kn njêdhodhog.
jêdhok: êngg. kn andhok, dunung.
jêdhor: kn pêpindhan swaraning bédhil; kc. jêdhur, jêdhèr.
jêdhot: kn: 1 pêpindhan swaraning mrêcon lsp; 2 êngg. numbuk, mbêntus; 2 êngg. (ut. kê-[x]) kalah main.
jêg: kn wc. ajêg; di-[x]-ake: diajêgake; sa-[x]-e: salawase; sa-[x] jumblêg; salawase urip.
(jêgadul): n-[x] kn ora sumèh polatane, njadhul.
(jêgagig): n-[x] kn bali sêmu kagèt.
(jêgèg): n-[x] kn ndêgèg.
(jêgègèk): n-[x] kn tansah ngguyu.
(jêgègèng, jêgènggèng): n-[x] êngg. kn mbêgènggèng (wis rada mari).
(jêgègès): n-[x] kn tansah ngguyu.
jêgèr: isih [x] pc isih ênom bangét.
(jêgêdhag, jêgêdhêg): n-[x] kn katon gagah abrêgas.
(jêgidhêg): n-[x] kn ora gêlêm omong (tumandang, ngrungokake lsp).
(jêgigik): n-[x], [x]-an kn padha ngguyu lirih.
(jêgigis): n-[x] kn tansah ngguyu; 2 njêginggis.
(jêgil): n-[x] kn 1 tansah watuk ngikil; 2 linggih ing papan sing dudu mêsthine, njèhèh.
(jêginggat): n-[x] kn tangi kagèt.
(jêginggis): n-[x] kn katon kuru pucêt.
(jêglag): ! n-[x] êngg. kn 1 linggih lèyèh-lèyèh; kc. dhêglag, jêglag; 2 êngg. kn. mangan. II [x]-jêglèg: tansah nywara jêglèg; kc. jêglèg.
jêglèg: kn pêpindhan swaraning lawang gathuk, tênunan lsp.
(jêglêg): n-[x] êngg. kn nggêglêg, mênêng marga susah.
jêglig: kn 1 katêranganing kêsandhung; 2 kandhêg; [x]-an êngg: gêjligan.
(jêglug): n-[x] kn mbêntus; kê-[x]: kêbêntus.
(jêglog): n-[x] êngg. pc: linggih ngenak-enak; [x]-an êngg: blebekan sungu ana lêgok-lêgokane dianggo cithakan bênik lsp.
(jêglong): [x]-an kn 1 luwangan, bolongan kanggo pasangan; 2 pc. srekalan. plesedaning ginêm; kê-[x]: 1 kêblusuk ing jêglongan; 2 kêsrekal ginême; 3 nandhang karibêdan.
jêgnèn: êngg. pc gajêge, elingku.
(jêgutru): n-[x] êngg. kn suntrut.
(jêgug, jêgog): n-[x] kn nywara huk-huk tmr. asu.
jêgul: kn 1 lawe (gombal, sêpêt lsp) digarani digawe ngêcèt, mopok bathikan lsp; 2 êngg. susur.
(jêgunggut): n-[x] ut. [x]-[x] kn: milang-miling tumungkul sêmu nggêgolèki.
(jêgur): n-[x] kn: 1 nyêmplung, ambyur; 2 ganti nindakake pagawean sing kurang pantês; wis jumêgur: wis misuwur; kê-[x]: kêcêmplung; kc. jêgur.
--- 87 ---
(jêgodhag) ~ (jêmblêng).
(jêgodhag): n-[x] kn ombèr, ngilak-ilak, ngênthak-ênthak.

(jêgodhah): n-[x] kn 1 amba tmr. bolongan lsp; 2 ombèr.
(jêgog): kc. jêgug.
(jêgogos): n-[x] kn mbêgogok, njêdhodhog.
(jêgogot): n-[x] kn ora gêlêm tumandang ing gawe; kc. jêgot.
(jêgogrog): n-[x] pc mbêgogok, njogrog.
jêgong: kn 1 lêgok ing têngah, kb. cèpèr; 2 (ut. [x]-an) lêmah sing lêgok, jugangan, pluwang; 3 êngg. jugangan ing tanduran têbu; kc. lobang; 4 guthêkan ing prau sing lêgok; di-[x]: 1 dilêgok ing têngah; 2 êngg. dijugangi tmr. tanduran têbu.
(jêgos): n-[x] mbêgogok; kc. jêgogos.
(jêgot): n-[x] kn suthik tumandang ing gawe; kc. jêgogot.
(jêgrag): n-[x] kn ngadêg tmr. rambut (wulu) marga kagèt; kc. jêgrig.
jêgrèg: kn kc. jêglèg.
(jêgrêg): n-[x] kn njêngêr, dhêlêg-dhêlêg; kc. jêglêg.
(jêgrig): n-[x] kn 1 ngadêg tmr. wulu (rambut); 2 pc. wêdi.
(jêgros): n-[x] ks mbêgogok.
(jêkangkang): n-[x] kn 1 tiba ngathang-atang; 2 (ut. njêkangkang) ks. mati.
jêkat: pc jakat.
jêkèk: êngg. kn 1 katêrangane tiba; 2 jiblès, plêk padha; santri [x]: santri têmênan.
(jêkekal, jêkèkèl): n-[x] ut. [x]-an kn krekalan arêp tiba (ngadêg).
(jêkengkang): n-[x] êngg. kn njêkangkang.
(jêkèthèk): n-[x] kn gampang katêmune.
(jêkêning): n-[x] kn sarwa bêcik lan rêsik; kc. jêkining.
(jêkênong): n-[x] kn pating klunthung, ora singsêt tmr. klambi lsp.
(jêkêthêt): n-[x] njênggirat kagèt.
(jêkêthut, jêkithut): n-[x] kn 1 mawa lêlêmpitan, rada nglunthung tmr. dondoman lsp; 2 êngg. nêkuk mêngkêrêt tmr. alis (marga nêpsu).
(jêkining): n-[x] kn 1 katon apik arêsik; 2 (kuning [x]) kuning arêsik.
(jêkithat, jêkithit): n-[x] kn pucuke nêkuk munggah tmr. brêngos ut. alis; kc. jlêkithat.
(jêkithing): n-[x] êngg. kn 1 saèm. kithing; 2 ora bisa nyambutgawe.
(jêkithit): kc. jêkithat.
(jêkithut): kc. jêkêthut.
jêklèk: kn putung, coklèk; n-[x]: 1 tumangkêp (njêpat) nywara klèk; 2 mutung; 3 kandhêg, ora maju; rèk [x]-an: rèk gêrètan (nganggo batu).
jêkluk: kn pêpindhaning swara mung si ... sing tansah diucapake mung si ...; n-[x]-i: nêkuki driji nganti muni jêkluk-jêkluk.
(jêkut): n-[x] kn adhêm bangêt.
(jêkutrut): n-[x] kn ora sumèh, sêmu mrêngut (marga kagol).
jêkrèk: êngg. kn jêpitan (pasangan tikus); n-[x]-i karcis: mbolongi karcis nganggo gunting jêpitan.
jêksa: pc jaksa.
jêl: [x]-[x] kn katêranganing mangan; kc. jêjêl.
(jêlag): I n-[x] êngg. ks 1 mangan; 2 ngapusi. II an-[x] jk: 1 dumadakan; 2 ngêblak, mênga amba.

jêlah-jêlih: kn bêngak-bêngok; kc. jêlih.
jêlak: êngg.êlak, enggal-enggalan.
jêlèh: I kn 1 kumudu mutah, umor: 2 bosên; n-[x]-i: njuwarèhi, ora nyênêngake. II êngg. pc: jêlih.
jêlèk: êngg. ks wadon; kc. bêlèk.
(jêlih): n-[x] kn mbêngok.
(jêlir): n-[x]-n[x] kn mêlèh-mêlèh-ake, mblakakake, nêrang-nêrangake sêmu nuturi: kê-[x]: kêwêlèh.
(jêlit): di-[x] kn dicumpi, diirit-irit, up. n-[x] pangan.
jêlma: êngg. pc jalma.
(jêlu): n-[x] êngg. kn 1 (anyêb n-[x]) anyêb bangêt; 2 tanpa rasa; 3 (atine n-[x]) mangkêl- anyêl.
(jêluk): n-[x] êngg. pc: nyêluk, mbêluk.
jêmah: kw ing têmbe.
jêmahat: êngg. kn Jumuwah.
jêmak: êngg. pc kc. jamak.
jêmala: kw gitik, gêbug; dijêmalani: digêbugi; kc. jamala.
(jêmamut): ora ana wong n-[x] êngg. pc: ora ana wong sing ngetok.
jêmbak: kn ar. jêjanganan tuwuh ing jêjêmbêgan.
jêmbangan: kn 1 pêngaron gêdhe; 2 wadhah tanduran ut. kêkêmbangan.
jêmbar: kn 1 alang lan ujure ngluwihi samêsthine, up. palêmahane [x]; 2 amba, up. dhadhane [x]; 3 kobèt, ora sumpêk; 4 lumahing raèn, up. pêkarangan iki [x]-e sabau; 5 akèh têtêpungane (kawruhe, kupiyane); [x] atine (sêgarane): wêlasan, sugih pangapura; [x] polatane: akèh kawruhe, akèh kupiyane; [x]-a kubure: pamuji marang wong sing mati supaya oleha swarga.
jêmbaran: êngg. kn saèm. pêngaron nanging cèpèr.
jêmbat: êngg. k jêmbar.
jêmbatan: (M) êngg. kn 1 krêtêg; 2 krêtêg ing pêlabuhan; 3 padusan.
jêmbelit êngg. kn njaluk lèrèn sadhela tmr. main; kc. jèmbèt, jembit.
(jêmbelung): [x]-an êngg. kn jelungan, jethungan.
(jêmbèng): n-[x] kn mbênggang nganti luwih amba.
(jêmbèwèk): n-[x] kn njêwèwèk (amba cangkême).
jêmbêg: kn jêblog lan rêgêd.
jêmbêr: kn 1 rêgêd sarta têlês; 2 jênês; 3 êngg. ngênêg-ênêgi, ora ngrêsêpake; 4 (ut. jêjêmbêr) lêlêthêk; n-[x]-i: 1 njênêsi; 2 ngênêg-ênêgi.
(jêmblang): n-[x] ks 1 gêdhe wêtênge; 2 mêtêng gêdhe.
(jêmblèk): kn kc. jèmblèk.
jêmblêg: êngg. kn njomblong (gumun).
--- 88 ---
(jêmbling) ~ jênêng.
(jêmbling): n-[x] kn 1 saèm. njêmbluk; 2 ks. mêtêng.
(jêmbluk): n-[x] kn 1 mblêndhuk tmr. wêtêng; 2 ks. warêg.

(jêmblung): n-[x] êngg. kn njêmbluk wêtênge; [x]-an: 1 (ut. wayang [x]) bngs.wayang golèk nyritakake lêlakone Umar-maya lan Marmadi (layang menak); 2 êngg. bngs. sêmangka cilik-cilik lan mblêndhuk.
jêmblok: I kn 1 (ut.[x]-an) jêndhêlan (prongkolan) logam lsp; 2 wadhah mblêndhuk dianggo takêran lênga lsp. II n-[x] kn: mblèbèk, ndlêmok tmr. mangsi, malam lsp; kc. jêmblèk, jêmblèk; canthing [x]-an: cap bathikan sing dianggo pêngarak.
(jêmblong): n-[x] kn amblong tmr. lêmah; 2 suwung blung, ora diênggoni.
jêmblongan: èngg. kn jêmbelungan, jelungan.
jêmbuk: êngg. kn bngs. arit.
jêmbul: êngg. kn jambul, bulu-bulu ing topi (cêmêthi).
jêmbung: êngg. kn bngs. cuwo.
jêmbut: kn rambuting wêwadi; 2 rambut jagung lsp.
(jêmbuwal): n-[x] êngg. kn mbuwêl, riyêl akèh (tmr. iwak loh).
(jêmbrang): abang n-[x] êngg. pc abang mbranang.
(jêmbrung): n-[x] kn rêgêd kêthukulan sukêt (kêbak uwuh lsp).
jêmèk: kn ngêmu banyu, têlês mblêthok.
jêmika: pc jatmika.
jêminul: ut. n-[x] kn mênul-mênul, mêndat mêlar banjur kêmpêl manèh; [x] kaya kênul pc: ndablêg.
jêmu: (M) êngg. kn bosên, jêlèh.
(jêmuk): n-[x] êngg. pc njupuk.
jêmun,: esuk [x] êngg. pc esuk umun-umun.
jêmunak: kn ar. panganan.
jêmur: br ajur (asal saka jumur lingga jur).
(jêmut): n-[x] êngg, pc njupuk.
jêmuwah: pc jumuwah.
(jêmok, jêmot): di-[x] êngg. pc dijupuk.
(jêmpalik): n-[x] kn 1 mbalik, malik; 2 tiba sing ngisor dadi ana dhuwur; [x]-an: tansah njêmpalik (turu sayah bangêt); direwangi nungsang n-[x]: dilabuhi rêkasa bangêt.
jêmpana: kn bngs. tandhu gêdhe wujud omah-omahan.
jêmparing: ki panah.
(jêmperok): n-[x] êngg. kn katon ayu (marga gêlungane ut. pacake sarwa apik).
jêmpina: kn 1 ar. woh sabangsa suwêg; 2 bayi lair durung mangsa.
jêmpiring: êngg. kn pacul tanpa bawak.
jêmpling: lombok [x] kn lombok rawit; n-[x] ut. n-[x]-n-[x]: nangis njêrit.
(jêmput): n-[x] êngg. kn njumput.
jêmpo: kn 1 tuwa bangêt lan sèkèng; 2 (ut. jêmpon) wong sing wis tuwa tmr. padesan wus ora kêna ing aradan.
jêmpol: kn 1 driji sing gêdhe dhewe; 2 (ut. [x]-an) sing bêcik dhewe, sing pinunjul; ênggone njênthik, arêp di-[x] pc: ênggone njaluk, arêp gênti dijaluk.
jêmpon: kn kc. jêmpo.

jêmpor: êngg. kn jimpe, epor; kc. jempor.
jêmprit: lombok [x] kn lombok rawit; n-[x]: njêmpling.
jêmrut: êngg. pc jumêrut, jêmêrut.
jênak: I kn tlatèn (krasan) nênunggoni. II di-[x]-ake êngg. pc: dijênêngake, diarani.
jênang: kn bubur, jênênge warna-warna sarta akèh sing dianggo slamêtan, kyt: [x] abang, [x] baro-baro, [x] palang lsp; [x] salayah pr: wis golong pikir; [x] dodol tiba wêdhi pr: rêmbug wis golong banjur ana sing ngrêribêdi; n-[x]: 1 olah jênang; 2 ngêjuri gamping nganggo banyu; n-[x]-i: njangani, nylamêti; di-[x]-ake abang: dislamêti jênang abang yaiku dijênêngake; [x]-an: 1 têtironing intên, kaca lsp, up. mote [x]-an; 2 ([x] gaplèk, [x] karèt) sèlluloid; (kertas [x]-an) mikah.
jênar: kw kuning.
jênat: (A) kn pirdus, swarga; wis [x]: wis mati; [x]-e si Suta: nalikane si Suta isih urip.
jêndika: êngg jêngandika, ijêngandika.
jênjêm: kn ayêm lan têntrêm (ora kakehan pikir).
jêndhela: pc kc. cêndhela.
(jêndhêl): n-[x] kn 1 dadi atos (kênthêl); 2 êngg. pc. ora lunga-lunga, manggon; 3 êngg. pc. ora gathekan; ke-[x]-ên: bisa mlêbu nanging ora bisa mêtu; [x]-an: pringkilan (jêmblokan) êmas lsp.
(jêndhil): n-[x] kn 1 njêmbling wêtênge; 2 êngg. pc. diêlud (dikungkung) ora mêntas-mêntas tmr. dolanan.
jêndhul: kêcik [x] kn kêcik sing kiwa têngêne mblêndhuk, kb. gêpak, lèmèt; jêjêndhul: gêgêdhug, jêjênggul; n-[x]: mblêndhuk, mbêndhul.
(jêndhol): n-[x] kn abuh mêntas diêntup tawon lsp; kc. jêndhol.
jêne: k kuning, êmas; [x]-an k: kuningan.
jêne-jênenan: pc. k mas-masan (mas palson).
jênèh: pc jêr, jêrnèh (awit, mulane mêngkono jalaran).
(jênès): n-[x] êngg. kn kc. cêngès, jêngès.
jênèwêr: (W) kn ar. minuman kêras.
jênêk: I êngg. pc jênak. II kw: bungah, sênêng.
jênêng: I kn adêg-adêg, peranganing gêdhèg (pagêr lsp) sing ngadêg; jêjênê: 1 wêwakiling wong sing wajib ngawat-awati pagawean; 2 wêwakiling pêngulu; 3 adêg-adêging lawang; [x] mara br: aku; jumênêng ki: 1 ngadêg; 2 madêg ratu, ngrênggêp pangkat; jumênêngan: riyaya nalika ndadèkake ratu; dijumênêngake: diangkat, didadèkake ratu lsp; n-[x] êngg: ngadêg; n-[x]-i 1 nunggoni prêlu ngawat-awati; 2 mèlu nunggoni ing parêpatan lsp; 3 ndèkèki adêg-adêg ing lawang, pagêr lsp; pan-[x]-an: 1 kn. adêg, pangkat, up.
--- 89 ---
pan-[x]-aning ratu; 2 kowe; 3 ki. têkên; pan-[x]-an dalêm (wc. nandalêm) ki: kowe; pan-[x]-an ingsun br: aku; pan-[x]-an kula (kawula) br: aku; pan-[x]-an sampeyan k: kowe; [x]-an dalêm ki: diasta (digawe) dhewe ing panjênênganing ratu). II n. nama k. asma ki: aran, pêparab; [x]-e pc: têgêse; di-[x]-ake: diarani, diwènèhi têtêngêr jênêng.

(jênêng-cilik) ~ (jênggurêng).
jênêng-cilik: n. nama alit. k. asma timur ki jênêng nalika isih bocah.
jênêng-tuwa: n. nama-sêpuh k. asma sêpuh ki jênêng sawise rabi (omah-omah).
jênês: kn 1 jêmbêr; 21 ngênêg-ênêgi.
jêni: (W) kn gudhang wadhah gêgaman ing bètèng.
jênis: (M) êngg. kn warna, jinis.
jênitri: kn ar. woh sok digawe bênik, têsbèh lsp.
jênu: kn ar. wit oyode mawa wisa sok dianggo misaya iwak; [x] tawa wngs: tungkul; n-[x]: misaya iwak nganggo jênu.
(jêntung): n-[x] kn thêngêr-thêngêr marga kêcuwan ut. gêtun.
(jêntus): êngg kc. bêntus.
(jêntol): I n-[x] kn njentol. II di-[x], di-[x]-ake êngg: 1 dipêksa nyambut-gawe sing dudu mêsthine; 2 diêlud, dikungkung.
jêntrung): n-[x] êngg. kn. njêntung.
(jênthar): n-[x] kn katon dawa nyongat munggah tmr. buntut lsp.
(jênthara): n-[x] kn bagus asigrak tmr. jêjaka.
(jênthat): n-[x] êngg. kn njênthar.
jênthik: kn driji sing cilik dhewe; n-[x]: njaluk sêthithik; ênggone n-[x] arêp dijêmpol: ênggone njaluk, arêp gênti dijaluk.
(jênthir): n-[x] kn saèm. njênthar nanging sêthithik (cilik).
(jênthit): n-[x] kn njênthir.
jênthu: êngg. kn lêmu lan kiyêng tmr. pawakan.
(jênthok): n-[x]-i êngg. kn mrangguli.
jênthot: I êngg. kn kc. jênthu. II n-[x] êngg. kn: nyêntèg nganggo kênèkêr (bendha, gangsingan lsp); [x]-an: ar. mainan nganggo kênèkêr disêntèg.
jêng: I 1 kw sikilk; 2 wc. kangjêng.
jêngal-jêngil: kn mung siji othal-athil tmr. untu lsp; kc. jêngil.
jêngandika: br kowe; kc. ijêngandika.
(jêngat): n-[x] kn 1 nyongat dadakan (ngêgèt); 2 êngg. kagèt.
jêngat-jêngit: kn bola-bali njêngat tmr. buntut lsp.
(jêngèk): I n-[x]: 1 njèngèk, ngumbulake sirah ngêgèt; 2 mbêngok ngêgèt, dadakan nywara sêru. II êngg. pc: kajênge (karêbèn, ya bèn).
(jêngèngèk): n-[x] kn njèngèk, sirahe diumbulake badane linggih ut. turon.
(jêngès): n-[x] êngg. kn nyêngès; kc. cêngès.
jêngên: êngg: jênêng.
(jêngêr): n-[x] kn dhêlêg-dhêlêg marga gumun ut. kagèt.
jênggala: kw kc. janggala.
jênggama: kw kc. janggama.
jênggan: I kw bngs. cantrik; kc. janggan. II êngg. kn: 1 janggêlan, durung têtêp (tmr. rêga, sêmayan lsp); 2 ringklih, sèkèng, ora sabaran.
jênggar: êngg. kn 1 amba antarane; 2 amba, kobèt; di-[x]-ake: 1 diambakake antarane; 2 diêgarake (driji lsp).
(jênggarang): n-[x] kn katon gêdhe lan dhuwur tmr. omah.

jênggge: I kn arak-arakan Cina padha nyandhang sing anèh-anèh; kc. jênggi. II n-[x]: êngg. kn: njênggle.
jênggèlèk: kn katêranganing tangi têrus linggih; n-[x]: tangi sirahe têrus njènggèl.
(jênggèrèng): n-[x] êngg. pc katon gagah lan sigrak.
jênggèrèt-nong: kn ar. kewan bngs. garèng-pung.
jênggêlêg: pating [x] kn katon gêdhe-gêdhe lan mêncungul tmr. gunung, omah lsp.
jênggênêg: êngg. kn pc. jênggêlêg.
(jênggêr): n-[x] ut. pating [x] kn katon gêdhe lan bêcik tmr. omah.
jênggêrêng: kn blêgêr (sêsipatan) gêdhe; n-[x]: katon gêdhe.
jênggi: I kn jêngge (aran-arakan Cina). II kn: 1 ar. têtuwuhan; 2 ar. pêlêm. III n-[x] êngg. kn: mondhong bocah.
(jênggigis): kc jêgigis.
jênggilêng: kn wanguning mata amba lagi mêmandêng; n-[x]: mandêng nggêgolèki matane katon amba.
(jêngginggat): kc. jêginggat.
(jêngginggis): kc. jêginggis.
jênggirat: kn katêranganing tangi (nolèh) marga kagêt ut. wêdi; n-[x] (nolèh) dadakan.
jênggiri: kn ar. kewan rupane kaya macan nganggo sungu (mung ing crita ut. wayang).
(jênggit): n-[x] kn njimpit rambut katarik; jumênggit: lagi kêna dijênggit tmr. rambut.
(jênggle): n-[x] kn linggih nganthêng sarta mêmandhêng.
jêngglèng: kn 1 pêpindhan swaraning wêsi ditumbukake; 2 ar. tawon bngs. tawon lêmah; 3 êngg. nyangklêg, gampang kasumurupan.
(jênggluk): êngg. kn jênggruk.
jêngglung: kn pêpindhan swaraning gong lsp.
(jêngguk): di-[x] kn dijênggur, disotho.
jênggul: kn 1 sing katon mêncungul; 2 (ut. jêjênggul) gêgêdhug, sing pinunjul dhewe.
jênggulêng: pating [x] kn: gêgulungan tmr.ombak.
jênggung: kn pêpindhan swaraning gong; n-[x] njagur sirah.
(jênggunuk): n-[x] kn katon gêdhe; kc. jênggênêg, jênggêlêg.
jênggur: kn kc. jênggung.
(jênggurêng): n-[x] kn sêsipataning praèn sing mripate nggêrong alise têpung (wandane wong sing kêrêng ut. nêpsu).
--- 90 ---
(jênggut) ~ (jêrkêngkêng)
(jênggut): êngg. kc. sênggut.
(jênggodhag): pc. kc. jêgodhag.
jênggorong: kn blêgêr (sêsipatan) sing katon gêdhe; n-[x]: katon gêdhe.
jênggrêng: pc. kc. jênggêrêng.

(jênggrik): 1 n-[x] pc. kn kuru nganggrik-anggrik (kêrêp lara, ngênês lsp). II n-[x] êngg. kn: maglik-maglik (dumunung ing papan sing dhuwur).
(jênggruk): n-[x] kn 1 linggih tumungkul ngêkêp dhêngkul (bantal); 2 ks. lara; 3 ks. nênunggoni (nyambutgawe) ing panggonane liyan ora lunga-lunga.
(jêngil): n-[x] kn 1 katon mênthingil ijèn; 2 linggih mênjila (ngijèn).
(jêngit): n-[x] nyongat sêthithik tmr. marang sing lêmbut-lêmbut; kc. jêngat.
(jêngkang): di-[x]-ake kn dijorogake katêpak ing dhadhane nganti tiba klumah; kê-[x]: tiba mundur klumah.
jêngkang-jêngking: kn bola-bali tumungkul kaya mbrangkang; kc. jêngking.
jêngkar: ki budhal, mangkat, lunga.
(jêngkelang): n-[x] kn tiba kêjêngkang, njomplang.
(jêngkenang): êngg. kc jêngkelang.
(jêngkêlit): n-[x] kn njungkir, nggulung sirahe ana ingisor.
jêngkêr: êngg. kn gêdhe sarta rosa.
jêngkêrut: kn jêkêthut, linthingan kulit lsp; pating [x]: padha njêkêthut tmr. kulit; n-[x]: nglinthing, njêkêthut.
(jêngking): n-[x] kn 1 mêngkurêb bokonge dijongakake; 2 ks. têturon ora tumandang ing gawe; 3 ks. mati.
(jêngklèk): kê-[x] êngg. kn kêsliyo sikile.
(jêngklok): ke-[x] êngg. kn kêpletre sikile kêtêkuk.
jêngku: ki dhêngkul.
jêngkok: êngg. kn 1 dhingklik; 2 buntêlan têmbako.
(jênguk): n-[x] êngg. pc linggih karo mandêng.
(jêngur): kc jênguk.
(jêngok): kc jènguk.
(jêngor): kc jênguk.
(jêngongok): n-[x] kn ndêngongongok, gulune nglangak arêp ngungak.
Jêpan(g): kn ar. tanah sawetane nêgara Cina.
(jêpapang, jêpaplang): n-[x] kn ndhaplang (mbapang) tangane.
(jêpaplêm): n-[x] êngg. pc 1 njèplêm, linggih mênêng be (cangkême mingkêm); 2 ora mèlu-mèlu, ora oleh-olehan.
(jêpat): n-[x] kn 1 uwal saka ing gathukan ngêgèt; 2 oncat saka ing pangengeran; 3 mutung, nglungani marga kagol lsp; [x]-an kn: wilah ut. wilahan wêsi dianggo pêsatan ing pasangan lsp.
(jêpèplèk): n-[x] êngg. pc njèplèk, njeple.
jêpèt: êngg. pc kc. jêpit.
(jêpiping): n-[x] kn 1 mringkus tmr. layangan; 2 mringkus lan njêgrag tmr. kuping; 3 pc. wêdèn, wêdi.
(jêpit): n-[x] kn 1 njapit, mlèpèt; 2 dumunung ing papan sing sumpêk; ke-[x]: 1 kêjapit, kêplèpèt; 2 kijènan, ora duwe têtêpungan; [x]-an: 1 japitan. piranti dianggo njêpit; 2 (ut. panjêpitan) papan sing njêpit (sasêla-sêlaning gêdhèg lsp).

jêplak: kn katêranganing mêgar (mênga) ngêgèt; kala [x]: ar. kala manuk; n-[x]: mênga (mêgar) sêmu ngêgèt; [x]-an: 1 pêsatan ing kala ut. ing pasangan; 2 lawang (cêndhela) tangkêban mêngisor mêndhuwur.
(jêplih): putih n-[x] êngg. pc putih sêmu rêgêd.
(jêpluk): n-[x] kn 1 putung, coklèk; 2 mabur marga wis kalah tmr. gêmak; 3 cabar, ora dadi iksamêne, ora kêna diêndêlake; sakesuk n-[x] êngg: sasuwene wayah esuk.
(jêplok): êngg. pc kc. jêpluk.
Jêpun: kn Jêpang; dluwang [x]: dluwang layangan; pitik [x]: pitik sing wulune lêmbut-lêmbut; têmbako [x]: têmbako sing rajangane lêmbut.
(jêpupung): n-[x] kn gumlethak ora kopèn tmr. mayit.
(jêput): sakesuk n-[x] êngg. pc sakesuk njêpluk.
(jêpot): lunga n-[x] êngg. pc lunga klepat ing sajroning rêrêmbugan.
(jêprah): n-[x] kn 1 ngêmbrah, ing êndi-êndi ana tmr. wowohan sing lagi ungsum; 2 pc. kaprah, lumrah ingêndi-êndi.
jêprak: kn kêmbang jagung sing dhuwur (kêmbang lanang); n-[x]: mêgar tmr. bulu-bulu lsp.
jêprèt: kn 1 pêpindhan swaraning wong nggêbiri, pêcut lsp; 2 katêrangan wêtuning panase srêngenge sing mêntas kasaput ing mêndhung; di-[x] êngg: digêbiri nganggo plepetan (ora kalingan mêndhung); [x]-an: êngg. plepetan piranti dianggo nggêbiri.
(jêprik): n-[x], pating [x] kn 1 padha katon njêgrig tmr. rambut, wulu lsp; 2 padha mlêkah cilik-cilik.
(jêpruk): sakesuk n-[x] êngg. pc sakesuk njêpluk.
jêprut: mak [x] pc pêpindhan swaraning tali pêdhot lsp.
jêprot: kn pêpindhan swarane nyuduk wêtêng lsp.
jêr: kn 1 mula mêngkono, pancèn; 2 jalaran mêngkono.
(jêrak): n-[x] kn anjrak.
jêram: k jêruk.
jêrang: kw ak larangan, wêwalêr.
(jêrbabah): n-[x] êngg. kn njêpapang tangane (têturon); kc. jêbabah.
(jêbabak)[1] : n-[x] kn katon abang raine marga muring.
jêrbasa: pc juru-basa.
(jêrbèbèh): n-[x] êngg. kn njêbèbèh.
(jêrbèbès): n-[x] êngg. kn tansah ngêmu banyu, rèmbès tmr. mata.
jêrèh: êngg. pc jêrih.
jêrih: êngg. kn jirih.
jêring: I êngg. kn jengkol. II n-[x] kn: sêngit (gêthing) bangêt.
(jêrkangkang): n-[x] kn gumlethak (mlumah ut. miring) sarta wis kaku tmr. mayit.
--- 91 ---
jêrlih ~ jih.
jêrlih: pating [x] kn padha njêlih.
Jêrman: kn ar. tanah ing Eropah uga karan Dhitslan.
(jêrmumuh): n-[x] êngg. kn tansah njêjaluk.
jêrnèh: kn jênèh, jêr.

jêrnih: kw bêning.
jêruk: n jêram k ar. wit sarta wohe, bangsane warna-warna kaya ta: [x] bali, [x] gulung, [x] macan, [x] krenggotan, [x] kêprok, [x] pêcêl (nipis) lsp; [x] saajar: wanguning kalung (jungkat) saèmpêr tanggalan.
jêrum: I n-[x] kn ndhêkêm tmr. sapi ut. kêbo. II n-[x] ut. n-[x]-i kn: 1 mbêbolèhi (ngrimuk) nganti murungake sêdyane sing bêcik; 2 mbêbolèhi amrih wurung ing pangantèn; ke-[x]: kêna ing krenah (bêbolèh).
jêro: n lêbêt k adoh têkane ing dhasar, kb cêthèk; 2 kb. jaba, up. ing [x] omah; 3 lirih lan rêkasa tmr. swara (wong lara bangêt); 4 ora enggal awoh tmr. pari lsp; 5 ora enggal olèh jodho tmr. prawan; 6 ora enggal duwe anak tmr. wong wadon; 7 têrus ing batin, dirasakake têmênan, up. têmbungku mau aja kotampa [x]; 8 êngg. dalême priyayi gêdhe; [x] gêdhe êngg: dalême priyayi luhur; mantri [x]: ar. prajurit ing Ngayogyakarta; pari [x]: pari sing ênggone awoh suwe; kb. pari genjah; nandur pari [x] pr: wèwèh sing ora ngarêp-arêp wêwalês; mikul dhuwur mêndhêm [x] pr: agawe kuncarane wong tuwa; tinggal tapak [x] pr: mblenjani jangji (kasaguhan); mên-[x]: mlêbu ing jêro; njêroni: muwuhi nganti luwih jêro; njêrokake: agawe luwih jêro; ing jêron omah: ing jêro omah; sajêroning: 1 ing dalêm, up. sajêroning patang taun; 2 ing laladan, ing wêwêngkon; [x]-an kn: 1 peranganing badan sing ana ing jêron wêtêng; 2 ks. watak, atèn-atèn.
(jêron): kc. jêro.
jêrowan: pc jêroan, kc. jêro.
(jêrpupung): n-[x] kn gumlethak ora kopèn; kc. jêpupung.
jêrtulis: êngg. pc juru-tulis.
jêrthèk: pating [x] êngg. pc katon lêthêk (rêgêd); kc. jêthêk.
jêrthut: pating [x] pc padha muni jêthut; kc. jêthut.
jêrthot: pating [x] pc padha muni jêthot; kc. jêthot.
jêsa: pc jêksa, jaksa.
jêsmani: pc jasmani.
jêt: mak [x] kn katêranganing oyag ngêgèt; sa-[x]-an: saoyagan.
jêtmika: pc jatmika.
(jêtung): n-[x] kn kc. jêntung.
(jêthathus): n-[x] kn njathus, ndomble.
(jêthathut): n-[x] pc mrêngut.
jêthèt, jêthit: kn pêpindhan swaraning ngancing lêmari lsp; n-[x]: 1 ngancing sarana kunci; 2 mutêr uliran listrik lsp.
jêthut: mak [x] kn pêpindhan swaraning driji ditêkuki, kawat (tali) dipanthêng pêdhot lsp; n-[x]-i: nikêli (nêkuki) driji.
(jêthuthut, jêthothot): n-[x] pc 1 katisên, kadhêmên; 2 mrêngut, mbêthuthut (pêtêng ulate).
jêthot: kn pêpindhaning swara saèm. jêthèt; n-[x]: 1 nikêli, nêkuki nganti muni jêthot; 2 pc. lunga (lèrèn) sanalika.
(jêthothor): n-[x] pc njathur, njathus.
(jêwawut): pc juwawut.
(jêwèwèk): pc juwèwèk. pc juwowol.

ji: I n wc. siji (dianggo ngetung); sapisan [x] iki: mung sapisan iki bae. II êngg: aji; [x] têlu: (tuku) têlung sèn. III pc: wc. kaji, up. pak [x], wak [x].
(jib): di-[x]-ake êngg. pc: dipêsthèkake.
(jibah): di-[x]-ake marang: diwajibake marang, dipasrahake marang; ke-[x]: kêpopoh, kêwajiban.
jibar-jibur: kn banjur gumampang marga wis têpung bêcik lsp.
jibêg: kn 1 kêbak bangêt, pantog; 2 judhêg, susah bangêt.
jibêng: êngg. kn kc. jibêg.
jibir: kn congor babi; kc. jêbèr.
jiblèng: êngg. kn kc. jiblès.
jiblès: kn plêk kaya, rupane padha trêp.
(jiblêg): n-[x] êngg. kn mênêng ora omong (mangsuli); kc. jublêg.
(jibung): [x]-an êngg. kn jadhuman, kêkumpulan.
jibur: kn pêpindhan swarane wong adus byar-byur; kc. jibar-jibur.
(jibus): di-[x] ks dituroni.
(jibris): n-[x] kn 1 alambe kandêl; 2 ks. criwis, tansah omong.
(jidar): kc. jidhar.
jidêng: ks mati.
(jidik): [x]-an ks gêmblakan.
(jidun): di-[x] kn dicêthot nganggo driji panuding lan panunggul katêkuk.
(jijal): êngg. pc jajal.
jiji: (h,k) kn gigu, ênêg; n-[x]-i: ngênêg-ênêgi, nggigoni.
(jidhar): di-[x]-i kn digarisi; [x]-an: 1 garisan, garis kêncêng; 2 piranti dianggo njidhari.
jidhèt: ks mati.
jidhêg: êngg. kn jibêg, judhêg.
jidhul: ks palanangan; n-[x]: 1 kn. njêdhul; 2 ks. sanggama.
jidhur: ut. [x]-an kn bngs. tambur gêdhe, musik.
jidhor: êngg. kn 1 jidhur; 2 ora [x] êngg. pc. ora prêduli.
jigalan: êngg. kn gêdibal.
jiglug, jiglog: êngg. pc dheglok, pincang.
jiglok: êngg. kn rigol, gigol, tiba.
jiguh: kn pakewuh, angèl; di-[x]-ake êngg: diiguhake.
(jigung): I n-[x] êngg. kn: jujur; bisa n-[x]: bisa kobèt. II kc. jegung.
jigur: êngg. kn ampas wedang bubuk lsp; di-[x]: diêgongi sing ping pindhone.
jigrang: êngg. kn kêdhuwurên tmr. bêbêdan, kêcêndhakên tmr. kathok; n-[x]: nggluyur.
jigol: êngg. kn jiglok.
jih, jik: êngg. pc isih.
--- 92 ---
jih ~ (jipuk).
jih: (njih. ênjih, injih) êngg. pc inggih.
jiha: br jiwa.
jihma: (S) kw cidra, goroh.

jihmaga: (S) kw ula; cs. 8.
jihmayuda: (S) kw pêrang cidra.
jihwa: (S) kw ilat.
jiit: (C) êngg. kn sêlikuran (main).
jiyad: (A) kn dhawuh; di-[x]: dipêksa, diprusa.
jiyarah: (A) kn sujarah mênyang papan sing kramat.
(jiyut, jiyot): di-[x] êngg. pc dijupuk.
jik: I êngg. pc isih. II êngg. pc: sing. III êngg. pc: gèk mangsa.
(jikik, jikuk): di-[x] êngg. pc dijupuk.
(jikut, jikot): di-[x] êngg. pc dijupuk.
jilak: êngg. pc selak.
(jilat): di-[x] êngg. kn didilat.
jilêp, anyêb: n-[x] êngg. kn anyêb njêjêt.
jilid: I (A) kn 1 walulang samak layang; 2 peranganing layang sing urut-urutan sabuku-sabuku; 3 (ut. [x]-an) dondoman ing layang; n-[x]: nganthèt buku sarana dondoman; [x]-an: 1 dondomaning layang; 2 bngs. plipidan gilig; 3 êngg. nganggo wiron sing apik tmr. ikêt-ikêtan.
jiling: kn jaling.
jilma: kw jalma, janma; n-[x]: 1 kw. manjalma, dadi manungsa; 2 kn. (wis kaya manungsa) tutut, ora galak.
jim: (A) kn bngs. roh sing duwe bêbudèn kaya manungsa; ka-[x]-an: alam (jagat) ing jim; kê-[x]-an: kêsurupan ing jim; kc. jin.
jimak: kc jamah.
jimakir: (A) kn ar.taun kang kawolu ing windu.
jimat: (A) kn barang-barang sing dianggêp duwe daya sing ngungkuli kodrat.
jimawal: (A) kn ar. taun kang katêlu ing windu.
jimbit: êngg. kn kc. jembit.
jimbun: kn pikun, tuwa bangêt.
Jimbung: kn ar. sêndhang sakidul Klathèn ana buluse sing sok kanggo golèk pasugihan.
jimlêng: mênêng [x] êngg mênêng tanpa cumuwit.
(jimuk, jimot): n-[x] êngg: njupuk.
jimur: ut. truna [x] kn ar.ula mandi saèm. wêlang.
jimpe: kn pêpês tanpa daya tmr. tangan lsp.
jimpit: kn wilanganing barang lêmbut sajupukan pucuking driji, up. bêras sa-[x]; sa-[x] sakojong pr: ora adil; di-[x]: dijupuk nganggo pucuking driji.
jimpo: êngg. kn kacu.
(jimprak): [x]-[x] êngg. kn jingklak-jingklak.
jimrah: êngg. kn kaprah, lumrah ing akèh.
jin: (A) kn jin.
jina:(h) (A) kn laku sahwat.
jina: (S) kw jêjuluke Sang Buda.
jinabat: (S) kn mêntas sanggama durung rêrêsik; adus [x]: sêsuci sabakdane sanggama.
jinada: kw tikus.

jinajah: kc jinasah.
jinah: I kn sapuluh iji tmr. wowohan, êndhog lsp. II kn laku sahwat; kc. jina.
jinah-kêthèk: kn kêthèkan, cipowah.
jinak: êngg. kn tutut.
jinantra: kn rodha mêsin, rodha gêdhe diubêngake sarana banyu; kc. jantra.
jinasah:(t) (A) kn layon, panguburing layon.
(jindik): di-[x] ks digêmblak.
jinja: kn kanji, kapok (êmoh mara).
jinjang: kn oyag-ayig, ora têtêp; [x] api goyang pr: api-api ngandêl bangêt, sajatine ora.
jinjing: I kn jinjit. II n-[x] alis kn: njêngkêrutake alis (mripate diblalakake).
jinjit: kn ngadêg sing tumapak mung pucuking dlamakan.
jindhul: êngg. kn bintul.
jinêm: kn antêng, jatmika, samun; [x] arum, [x] mrik, [x] sêkar, [x] sari pr: paturon; ka-[x]-an: 1 pulisi sandi, pulisi kapêtêngan; 2 panjaga ing tanah persil lsp.
jinis: (A) kn bangsa, golongan sing nunggal kaanan.
(jintêl): n-[x] kn turu ngringkêl.
jintên: kn ar. têtuwuhan wohe dianggo tamba (jamu) ana warna loro: [x] irêng, [x] putih.
jintul: êngg. kn bintul.
jinthêngan: êngg. kn jingkêngan tmr. ikêt-ikêtan.
jing: I 1 êngg. pc sing, kang; 2 (ut. [x]-an) pancèn, layak. II njing pc: benijng. III dinjingake pc: dianjingake (dipetung).
jingga: 1 (ut. [x]-loka) kn: abang tuwa; 2 êngg. sêmbagi rupane abang; mirong akampuh [x] pr: nêdya mblela[2] (ngraman).
(jingglang): padhang n[x] kn padhang lan ora kasaput ing mêndhung tmr. rêmbulan.
(jingglêng): n-[x] kn mandêng (namatake) kanthi têmên-têmên.
jinggring: kn mawa sikilan dawa, up. gêlas [x]; n-[x]: 1 katon dhuwur (marga dawa sikile, sikilane, cagake); 2 êngg. mangklik-mangklik ana ing dhuwur.
(jingkat): n-[x] njumbul marga kagèt.
jingkêng: kn kêju; n-[x]: ora mingsêt-mingsêt tumandang ing gawe; [x]-an: ikêt-ikêtan katata mlipis.
(jingklak): [x]-[x] kn lincak-lincak.
jingklong: kn lêmud gêdhe.
jingkol: êngg. kn jengkol.
(jingkruk): n-[x] kn linggih ngrungkuk; kc. jungkruk.
(jingkrung): n-[x] kn turon gêgêre mbungkuk sikile nêkuk.
(jinguk): di-[x] êngg. pc dijupuk.
jipang: kn 1 ar. waluh; 2 ar. panganan.
(jipik): I di-[x] êngg dijupuk. II n-[x] êngg. kn: njèplèk, gampang kasumurupan.

(jipuk): di-[x] pc dijupuk.
--- 93 ---
jipun ~ jlemprak.
jipun: kn ar. wit.
(jiput): di-[x] pc dijupuk.
jipro: (W) kn nyonyah Walanda (guru).
jira: (S) kw jintên.
jirak: kn 1 ar. wit sarta woh; 2 ar. dolanan, kc. cirak.
jirap: kn katon uyêk-uyêkan sarta mratani.
(jirat): n-[x] êngg. kn ngetung, milang.
jirèh: êngg. kn jirih.
jirêt: kn tali sing dianggo ngala (ningsêti); n-[x]: 1 ngala nganggo jirêt; 2 nalèni, ningsêti; jumirêt: umur-umurane pari sing godhonge wis kuning mlêngkung.
jirih: I kn wêdèn, ora kêndêl. II di-[x] êngg. kn: disigar.
jirika: (S) kw. ak gangsir, jangkrik.
jirim: êngg. kn bagean; n-[x]-[x]: mbage-mbage, minta-minta; n-[x]-i: mbagèhi.
jiring: I kn nglingir; n-[x]: ngiris, nyigar. II kw: ngêdêgake, nangèkake.
jirna: (S) kw ringkih, sèkèng, rusak.
jiro: 1 wc. siji-loro; 2 siji mungsuh loro.
jis: êngg. pc wc. najis (sabawane ngêmohi, nyêpèlèkake); [x]-[x]-an: jothakan, nêng-nêngan.
jisin: êngg jisim.
jit: I êngg. pc aja. II ngê-[x] êngg. kn: ngiyat (mbukak) kêrtu.
jitah: kn nanah.
jitu: êngg. kn pêng-pêngan, mitayani.
(jitun): êngg kc. jidun.
jitus: wc siji satus (sabên satus siji).
jicing: kn klèlèting bêdudan.
jithêk: êngg. kn lêthêk.
jithêt: kn bithêt; n-[x]: nyulam (ndondomi) jarit lsp. sing suwèk.
jithok: êngg. kn githok.
jiwa: (S) kn 1 nyawa, sukma; 2 wong tmr. pangetung kèhing wong ing nêgara; 3 (ut. [x]-ku, [x]-ningsun) têtêmbungan marang kêkasih; anglong [x] br: pucêt marga sêdhih; lali [x]: ar. pêlêm; suduk [x]: nglalu sarana nyuduk; padu [x] dikanthongi pr: pintêr bangêt padu (nganti kaya Kyai Jiwa).
jiwagra: (S) kw pucuking ilat; kc. jihwa, arga.
jiwana: (S) kw urip.
jiwandana: (S) kw 1 ar. têmbang gêdhe; 2 ar. gêlaring baris.
jiwang: pc. wc siji ewang (siji edhang).
jiwangga: (S) kw jiwa lan angga (jiwa raga).
jiwarêtna: (S) kw ar. têmbang gêdhe.
jiwatma: (S) kw (jiwa atma) urip lan sukma, têtêmbungan marang kêkasih.
(jiwêl): êngg. kn ciwêl.

(jiwir): n-[x] êngg. kn njèwèr.
(jiwit): di-[x] kn dipijit nganggo pucuking driji; jiniwit katut pr: yèn sanak sêdulure nandhang sangsara (utawa dirasani ala) awake dhewe katut krasa.
jiwita: (S) kw. ak urip, nyawa.
(jiwut): [x]-[x] kn dhiwut-dhiwut.
(jiwo): n-[x] êngg. pc njupuk.
jlaburan: êngg. kn pacitan; kc. jabur(an).
jladrèn: kn jur-juran glêpung arêp digawe roti lsp.
jladri: (W) kn gadri.
(jlajah): n-[x] kn njajah ingêndi-êndi, mratani.
jlajat: I kn ngalamat bakal anane kacilakan lsp. n-[x]-i: awèh ngalamat.
jlag-jlig: kn 1 bola-bali anjlog; 2 bola-bali têka.
jlag-jlog: kn 1 munggah mudhun; 2 ora ajêg, mungguh[3] mudhun tmr. rêrêgan.
jlagêr: pating [x] kn katon gêdhe-gêdhe lan dhuwur-dhuwur.
jlagur: pating [x] kn padha ngadêg lan katon gêdhe-gêdhe.
jlagra: I ki riyak. II tukang natah watu.
jlalat: mak [x] kn owah pamandênge rêrikatan; [x]-an: mulat ngiwa nêngên (sêmu kêsusu ut. ora barès).
jlamun: êngg. kn suwung tmr. pasar lsp.
(jlampar): n-[x] kn nlasar, nlèsèr, wrata (lakune, ênêre).
jlamprah: kn ngingu rambut dawa, dawa buntute; kc. jlamprah.
jlamprang: êngg. kn 1 jlamprah; 2 ar. kêmbang cêpaka alasan.
jlamprong: kn 1 wulu buntut mêrak; 2 êngg. anak sing pêthingan.
(jlanah): n-[x] êngg. kn ngêmbrah, ingêndi-êndi ana.
jlantah: kn 1 (lênga [x]) lênga sing wis dianggo nggêgorèng; 2 kayu [x]) êngg. arêng; n-[x] êngg: 1 njajah, njlajah papan ingêndi-êndi; 2 wis matuh nglakoni ala; ke-[x]: wis kêcirèn anggone nglakoni ala.
(jlanthir): n-[x] êngg. kn bagus tmr. jêjaka.
jlang-jlangan: êngg. pc: 1 jag-jagan; 2 gluyaran, lunga nggugu karêpe dhewe.
jlang-jlong: pc katêranganing lumaku jangkahe amba.
(jlanggrung): [x]-[x] kn gêdhe dhuwur tmr. pawakan.
(jlaprat): n-[x] kn nyaprang tmr. brêngos.
jlarang: kn bngs. bajing gêdhe.
(jlarat): n-[x] êngg. kn: njonèt.
(jlarèh): n-[x] kn nggalêr, mawa galêran rada kandêl.
jlathêk: êngg. kn lêthêk, rêgêd.
(jlèbèk): n-[x] êngg. kn njêbèbèh peyok.
jlèbèr: kn jêbèr.
jlebrah: timang [x] kn timang nganggo rêrênggan intên; n-[x] katon amba.
jlèdêng, jleding: ks mati.
jlèg: kn pêpindhan swaraning gêjlig lsp; di-[x]-i: êngg. dijègi.
jlèg-èlèr: pc wira-wiri (bola-bali) têka; kc. èjlèg.
jlegor: kn godhong kêtela pêndhêm.

jlembrak: pating [x] êngg. kn kabèh nganggo rambut dawa, pating krêmbyah; kc. jembrak.
jlemprak: pating [x] kn pating glidrah; kc. jimprak.
--- 94 ---
jlèntèh ~ jujug.
jlèntèh: êngg. kc. jlèntrèh.
jlèntrèh: kn rowa lan têrang tmr. andharan; di-[x]-ake: diandharake kanthi têrang.
jlèng: kn 1 pêpindhan swaraning wêsi dipalu lsp; 2 kc. jrèng.
(jlethok): di-[x]-i êngg. kn dilethoki.
jlèwèhan: êngg. kn clèwèhan, blewehan.
jlèwèr: êngg. kn dlèwèr.
jlêbuk: êngg. kn bngs. kranjang.
(jlêbud): n-[x] kn 1 mawa wulu cilik-cilik; 2 ora alus tmr. kayu sing dipasah lsp; 3 ora nganggo sandhangan sing rêsik.
jlêg: kn pêpindhaning swarane (ut. katêrangane) anjlog, mudhun.
(jlêgedhag): n-[x] êngg. kn ngglebag, nggêblag.
(jlêgêdhag): n-[x] kn njêgêdhag.
(jlêgêdhêg): n-[x] kn njêgidhêg.
(jlêgid): n-[x] êngg enak, kêpenak.
(jlêgidhêg): n-[x] kn njêgidhêg.
jlêgur: pating [x] kn padha nyuwara jêgur-jêgur.
(jlêgut): n-[x] kn njlênggut, mêmpên tumandang ing gawe.
(jlêgodhah): n-[x] kn amba lan jêmbar (kobèt) kc. jegodhah.
jlêgong: pating [x] kn akèh jêglongane tmr. dalan lsp; [x]-an: jêgongan, jêglongan.
(jlêkèthèk): n-[x] kn gampang bangêt kêtêmu, njipik; kc. jêkèthèk.
(jlêkèthèt): n-[x] kn njlêkèthèt, njêkithat.
jlêmpah: pating [x] kn pating blengkrah ora katata.
jlêmprak: êngg. kn kc. jlêmpah.
(jlêntêr): n-[x] êngg. kn lêmês tanpa daya.
(jlênthar, jlênthir): kn kc. jênthar, jênthir.
(jlêthot): n-[x] êngg. kn lêmu kiyêng; kc. jênthu.
jlênggur: pating [x] kn padha nyuwara jênggur-jênggur.
(jlênggut): n-[x] kn mêmpên (tumungkul) tumandang ing gawe.
(jlêngut): êngg. kc jlênggut.
jlêprak: pating [x] kn padha njlêprak-njlêprak.
jlêprik: pating [x] kn padha njêprik.
jlêrit: pating [x] kn padha njêrit.
jlig: 1 mak [x] kn dumadakan têkan ut. mudhun; 2 êngg. gêjlig.
jligêr: pating [x] kn pating glidrah, pating jligut.
jligur: êngg. kn ampas, ampas wedang bubuk; kc. jigur.
jligut: pating [x] kn katon akèh sarta padha ngodag-ngadêg.
(jlimêt): n-[x] kn namatake (nggolèki, milihi) kalawan titi bangêt; pêtêng n-[x] êngg: pêtêng dhêdhêt.
jlimprak: pating [x] kn pating glidrah, pating jlemprak.
jling: kn saèm. jlèng, jrèng.

(jlinggring): n-[x] kn katon dhuwur marga dawa sikilane; kc. jinggring.
jliring: êngg. kn dliring.
(jlirit): n-[x] kn katon nggalêr cilik tmr. alis lsp.
jlithêng: kn irêng agilap.
jlithêt: pating [x] kn padha jithêt-jithêt.
(jlujur): pc. kc. dlujur.
jlugur: pating [x] kn padha ngadêg (linggih) ngêbaki ngêndi-êndi.
(jlumat): di-[x] ut. di-[x]-i kn didondomi jarit lsp. sing wis suwèk; kc. jrumat.
jlumprit: pating [x] kn pating jêmprit.
(jlungup): di-[x]-ake kn 1 dijorogake supaya kêcêmplung; 2 diloropake agawe cilaka; ke-[x]: tiba kêcêmplung.
jlurung: êngg. kn dlurung.
jluwag, jluwêg, jluwog: pating [x] kn akèh jêglongane, ora rata.
jlog, jlug: kn sabawa (katêrangan) ing tiba, têka, mudhun lsp.
(jlomprong): n-[x]-ake kn mblasukake, nasarake; kê-[x]: kêblasuk, kêsasar, kapusan.
jlonèt: êngg. pc bagus.
jlong-jlong: kn 1 katêrangane lumaku (njangkah); 2 pêpindhaning swara saèm. jlèng.
(jlonggrong): [x]-[x] kn gêdhe lan gagah tmr. pawakan.
jlorah-jlarèh: kn pating jlarèh; kc. jlarèh.
ju: pc. wc. maju.
(jubad): pc. kc. bujad.
jubag: êngg. kn jêmpo, jêmpon.
jubah: (A) kn klambi dawa tumêka ing sikil.
jubak: êngg. kn cubak, buk.
(jubar): n-[x]-i êngg. kn njugari.
jubêg: pc judhêg, jibêg.
jubêl: kn 1 cupêt, kurang dawa; 2 bujêl.
jubin: kn lapisaning jrambah (bata, sêmèn lsp); n-[x]: nglapis jrambah nganggo jubin; kc. jobin.
jublang:ut. [x]-an êngg. kn bêlik gawean.
jublêg: I êngg. kn lêsung. II ut. n-[x] êngg. kn: njulêg. III n-[x] êngg. kn: mêndongong, mênêng bae, njênggidhêg. kc. jumblêg, jumlêg.
jublig: êngg. ks bangsat.
jubung: kn bngs. cangkir cilik; n-[x] ut. n-[x]-an: 1 lintingan dhuwit lsp; 2 kepang lsp. kadèkèk ing lambening tenggok supaya amot akèh; 3 êngg. payon cilik-cilikan.
jubur: kn dubur.
jubriya: (A) kn umuk, kibir; kc. ujubriya.
jubris: êngg. kc jabris.
jubrisa: kw. ak batur wadon.
(jud): di-[x]-i pc wc. diwujudi.
(jujag): [x]-an êngg. pc: bêjujagan.
(juju): di-[x] kn didulang (diloloh, dipakani) têrusan bae.

jujug: kn papan sing diênêr tmr. lêlungan; n-[x]: 1 ngênêr ing papan; 2 têrusan anjog ing; n-[x]-i êngg: marani; [x]-an: 1 papan sing dijujug: 2 adhakan, gampang kêtêmu.
--- 95 ---
jujul ~ jumuntên.
jujul: I kn 1 ora sêdhêng marga barange sing disèlèhake kêdawan; 2 susuk, dhuwit turahaning pambayar; n-[x] êngg: njaluk jujul; n-[x]-i: mènèhi jujul. II n-[x] kn: nusul; n-[x] wuwul pr: prakara sing muwuh-muwuhi rêkasa.
jujur: kn 1 lêncêng, pênêr, lurus; 2 ngênggoni sabênêre, ora nakal tmr. wêwatakan; n-[x]-ake: diujurake, diênêrake sing bênêr.
(jujut): di-[x] kd kapas.
judha: kw. ak diyan.
judhag: kn jurang jêro; n-[x]: 1 njungupake ing jurang; 2 ent. sênêng agawe piala ut. karusakaning liyan.
judhas: kn 1 ringas, giras; 2 lantap, sênêng njaili.
judhêg: kn 1 wis pantog; 2 kêntekan akal, wis ora bisa mikir.
judhêl: kn 1 pantog, wis ora ana banjure; 2 judhêg.
judhi: I (S) kw pêrang, prajurit. II êngg. kn: main, ngabotohan.
jug: kn katêranganing têmbung têka, têkan; kc. jujug.
juga: kw mung, dhewe, ijèn, bae: sa-[x]: siji.
jugag: kn jugag; di-[x]: dipunggêl, dicêkak.
jugah: kn pacêt tmr. dolanan bengkat; jumugah: kêturutan, kêtêkan.
jugala: (S) kw jodho, tandhing, bojo.
(jugang): n-[x]-i kn gawe pluwang; [x]-an: luwangan kanggo pawuhan lsp.
jugar: I kn ora dadi, wurung; di-[x]-ake: diwurungake. II kn: jugrug, ambrol; n-[x] ut. n-[x]-i: njugrugi lêmah.
jug-jug: êngg tibat-tobat![4]
jugil: kn bngs. linggis gèpèng dianggo mbabah ut. nyongkèl.
(jugug): n-[x] kn nywara sêru ambal-ambalan tmr. asu; kc. jêgog, jêgug.
jugul: I êngg. kn sêsulih, pangganti; di-[x]-i: disulihi; kc. jagul. II kn: bodho.
(jugur): n-[x] êngg. kn mbêgogok tanpa tumandang ing gawe.
jugrug: kn ambrol tmr. gunung lsp; n-[x]-i: jugrug nibani; [x]-an: lêmah lsp. sing wis jugrug; kê-[x]-an: kêbrukan lêmah lsp. sing jugrug.
(jugrog): n-[x] êngg. pc mbêgogok, njugur.
(juh, joh): ora n-[x] pc ora bisa; kc. enjoh.
juk: I pc wc. rujuk. II pc: wc. munjuk (ngunggahake). III n-[x] êngg. pc: banjur. IV n-[x] êngg. pc: njaluk.
juku: êngg. pc 1 kiraku, tak-kira; 2 kok.
(jukuk, jukok): di-[x] pc: dijupuk.
jukung: kn prau cilik (saèm. prau lêsung nganggo palang-palang).
jukur: êngg. kn abuh.
jukut: I kw jêjanganan; kc. dhukut. II (ut. jukol) di-[x] pc: dijupuk.
jul: pc jujul (susuk).

julalat: kn kc. jlalat.
(julêg): n-[x] kn jêro bangêt lan ndêdêr tmr. jurang lsp.
Juli: (W) kn ar. sasi kang kapitu.
julig: kn pintêr tmr. nindakake piala.
juluk: I ut. jêjuluk kn jênêng, pêparab; di-[x]-i: diparabi, dijênêngake. II ut. [x]-an ki: githok. III mên-[x] kn: mingsêt munggah tmr. wong têturon; di-[x] êngg: diranggèh; di-[x]-ake: diingsêt munggah.
julung: kn penêsthi bakal nandhang kacilakan marga laire mbênêri waktu sing dianggêp ora bêcik.
julung-kêmbang: kn (bocah) sing lair mbarêngi plêthèking srêngenge (bakal nêmoni kewan galak).
julung-pujut: kn kn 1 ar. wuku sing kaping lima-las; 2 (bocah) sing lair sajroning wuku kasêbut.
julung-sarap: kn (bocah) sing lair ngarêpake surup srêngenge.
julung-sungsang: kn (bocah) sing lair wayah bêdhug awan.
julung-caplok: kn (bocah) lair mbarêngi suruping srêngenge (bakal dicaplok macan).
julung-wangi: kn 1 ar. wuku sing kasanga; 2 (bocah) sing lair mbênêri wuku kasêbut.
(jum): di-[x], di-[x]-[x], di-[x]-i kn ditata, dipilihi banjur diklumpukake katata.
Jumadilawal: (A) kn ar. sasi kang kalima.
Jumadilakir: (A) kn ar. sasi kang kanêm.
jumagar: kn isih cilik lan ênom (gênjik lsp).
Jumahat: êngg. kn Jumuwah.
jumantara: kw langit, awang-awang; cs. 0.
jumantên: kw jumêrut; kc. jumara, jamrut.
jumara: kw jumêrut.
jumlah: (A) kn 1 gunggung, kèhe; 2 ora [x] êngg: ora cocog tmr. gunggungan (petungan).
jumblang-jumblêng: êngg. kn pating jlêgong.
(jumblêg): n-[x] êngg. kn mênêng bae; kc. jubêg, jumlêg; sajêg [x]: sajêg jumlêg (salawase urip).
jumblêng: kn kakus.
jumblo: êngg. kc. jomblo.
jumbuh: kn 1 padha rupane (wangune); 2 dhumpyuk; 3 rujuk, padha nunggal karêp.
(jumbul): n-[x] kn njola, nyumêd.
jumênêng: kc. jênêng.
jumêrut: (A) kn bngs.intên warnane ijo.
jumlah: (A) kn gunggung, kèhe.
jumlêg: sajêg [x] kn salawase urip.
(jumuk): di-[x] êngg. pc: dijupuk.
Jumuntên: kd jumuwah.
--- 96 ---
Jumungah ~ jurnalis.
Jumungah: êngg. kn Jumuwah.

jumurung: kn nayogyani; kc. jurung.
(jumut, jumot): di-[x] êngg. kc dijupuk.
Jumuwah: (A) kn dina kang kaping nêm; sa-[x]: saminggu (7 dina); [x]-an: sêmbahyang mênyang Mêsjid ing dina mau.
(jumpalik): n-[x] kn kc. njêmpalik.
jumput: kn `1 sapit cilik dianggo njupuk barang sing lêmbut; 2 saèm. jimpit; n-[x]: 1 njimpit, njupuk nganggo pucuking driji; 2 (ut. n-[x]-i) mbubuti nganggo jumput; [x]-an: (ikêt, kêmbén lsp) sing mawa gambaran pating plênik putih (panggawene sarana dibundhêli).
jumrah: êngg. kn lumrah.
jumrunuh: kn tansah njêjaluk; kc. jêrmunuh.
jumrut: êngg. pc. jumêrut.
jumrojog: kn dumadakan têka (mlêbu).
jun: kn klênthing gêdhe; pan-[x]-an br: kundhi (tukang gawe grabah).
junjang: êngg. kn 1 cagak sanggan, jêjênêng; 2 ut. [x]-krawat: ar. punggawa kalurahan ing desa; kc. jonjang.
junjunan: kn ar. iwak loh.
(junjung): n-[x] kn 1 ngumbulake, ngangkat diumbulake; 2 ngunggahake pangkat; 3 mundhi-mundhi, ngurmati; 4 ngalêmbana, ngompak; n-[x] ngantêbake pr: ngalêmbana nanging karêpe ngasorake (ngrèmèhake); n-[x] pundhak: ngobahake pundhak nyasmitani yèn ora wêruh (ngrêti); [x]-an: 1 êngg. urugan; 2 angkatan, unggah-unggahan pangkat; 3 êngg. pamarentah, panggêdhe.
june: pc tujune (bêgja dene ...)
Juni: (W) kn ar. sasi Walanda kang kanêm.
junub: (A) kn jinabad.
junun: kn ayêm, têntrêm, tata; ora [x]: 1 nganèh-anèhi; 2 ora tata, ora urus; kc. majênun.
juntrung: ora [x] êngg ora urut, ora tata.
(junthit): n-[x] êngg. kn sikile buri diunggahake tmr. jaran.
jung: kn 1 ukuran jêmbaring sawah (4 bau = ± 28386 m2); 2 (sawah [x]) êngg. sawah duwèke wong akèh.
(jungjung): n-[x] êngg. kn njunjung.
junggêl: I êngg. pc jungkêl. II êngg. pc: janggêl.
(junggla): n-[x] êngg. kn njola.
jungkang: n-[x] êngg. kn njongkèng, ngangkat diumbulake; krêtêg [x]: krêtêg gantung (kêna dijêplakake); kc. jongkang.
jungkar-jungkir: kn jêngkang-jêngking; kc. jungkir.
jungkas: êngg. kn 1 têkên dianggo mlaku; 2 jungkat.
jungkat: I sêrat k. pêthat ki ar. piranti dianggo natasake lan ngêlus rambut, arane warna-warna up: [x] plêngkung, [x] suri, [x] cênthing lsp; n-[x]-i: ngêlus rambut nganggo jungkat. II êngg. kn: têkên.
(jungkêl): n-[x] kn tiba saka ing dhuwur êndhase ana ing isor; n-[x]-ake: 1 nibakake nganti njungkêl; 2 njungkir gêndul lsp. supaya kothong; kê-[x]: tiba njungkêl.

(jungkir): n-[x] ut. n-[x] walik kn 1 kang pancèn ana ing dhuwur kawalik ana ing isor; 2 êndhase ana ingisor, sikile ana dhuwur; mbalik [x]: 1 jêngkêlitan; 2 rêkasa bangèt.
(jungkit): kn kc. jongkit.
(jungklang): n-[x] êngg. kn njulêg.
jungkung: êngg. kn jukung.
(jungkur): n-[x] êngg. kn jugrug.
(jungkrah): n-[x]-i êngg. kn ndhungkrahi.
jungkrug: êngg. kn jugrug.
(jungkruk): n-[x] kn ndhungkluk, tumungkul.
(jungla): n-[x] êngg. kn njola.
(junguk, jungok): di-[x] êngg. pc dijupuk.
jungut: ut. (pa)-[x]-an kn sênthong mawa padusan; dhampar [x] br: pajungutan.
(jungok): n-[x] êngg. kn njongok.
(jupuk): n-[x] n. mêndhêt k. mundhut ki: 1 nyêkêl apa-apa banjur digawa; 2 têgêse entar akèh bangêt, up. n-[x] bathi limang sèn; n-[x] punggawa anyar lsp.
(jupot): n-[x] êngg. pc njupuk.
jur: I êngg. pc. wc. kojur. II kn linggane têmbung ajur, êjur; [x]-[x]-an: barang sing wis diêjur. III (njur) pc: banjur. IV di-[x]-ake pc: diujurake.
(jurag): n-[x] kn ngoyak, mburu; wong [x]: tukang misaya iwak.
juragan: êngg. kn 1 sudagar gêdhe; 2 lêlurahing pakaryan; 3 lurah; 4 tuwan tanah; [x] dharat: juragan sing nyêdiyani kabutuhane prau misaya iwak; [x] laut: lêlurahing prahu misaya iwak.
(jurak): êngg. kn kc. jurag.
juran: êngg. pc ujuran.
jurang: kn lêdhokan jêro ing antaraning gunung ut. kali; [x] grawah ora mili pr: katone loma, nanging sajatine cêthil; n-[x]-ake: 1 nyêmplungake ing jurang; 2 ngloropake, mblasukake; kê-[x]: kêcêmplung ing jurang; ke-[x]-[x]: tansah nandhang cilaka.
(jure): n-[x] êngg. kn mbênakake (nyulami) jala, jaring lsp.
juri: I ut. n-[x] kn kêkêr lan alus pangêname. II (W) kn: juru pamriksa lan panimbang tmr. sêtelingan, bal-balan lsp.
juring: kn sigaran godhaganing durèn ut. sêmangka; n-[x]: ngiris (merang-merang) bisane saperang-perangane kaya juring, up. n-[x] tumpêng: (sungu) pan-[x]-an: sungu diwangun kaya lading dianggo njuring.
juris: êngg. kn kêthèk, munyuk.
jurit: kw pêrang, papêrangan.
jurnal: (W) kn buku cathêtan padinan.
jurnalis: (W) kn juru ngarang ing layang kabar.
--- 97 ---
jurnalistik ~ jodho.
jurnalistik: (W) kn babagan (prakara) jurnalis.

juru: kn wong sing nindakake pakaryan, tukang; kêmiri [x]: kêmiri gêdhe gêgêre nglingir; abdi-dalêm [x]: abdi-dalêm juru nujum; sa-[x]-[x]: ditata pêpanthan miturut pêpangkatane.
juru-basa: kn 1 wong sing nglantarake pagunêmane wong loro sing padha dene ora mangêrti basane; 2 tukang njarwakake basa ngamanca; njuru-basani: dadi (minangka) juru-basa.
juru-dang, juru-padang: kn tukang adang.
juru-jalir: kw lurah palanyahan.
(jurug): di-[x], di-[x]-i êngg. kn diurug, diurugi.
juru-gusali: kw lurah pandhe.
juruh: kn jèr-jèran gula rada cuwèr.
juru-kunci: kn wong sing pinatah ngrêksa pakuburan ut. papan sing kramat.
juru-mudhi: kn tukang ngêmudhèni prau.
juru-nujum: kn wong sing pintêr mêmêthèk (mêmêca) sarana palintangan.
(jurung): n-[x]-i kn 1 ngrewangi, mitulungi, nyumbang; 2 nayogyani, mèlu mujèkake bisane kêlakon sing sinêdya; jumurung: nayogyani, mupakati; pan-[x]: pasumbang; [x]-an: sumbangan, pitulungan.
jurus: êngg. kn 1 lurus, lêncêng; 2 burus; 3 ar. tandang-tanduk ing ulah pêncak.
juru-tambang: kn tukang nambangake.
juru-tulis: kn carik.
jus: I (A) kn perangan bab ing kur'an (1/30). II mak [x] kn: sabawaning mêrcon lsp.
justak: êngg. kn goroh.
jut: I (njut, njutan) pc banjur. II kn: katêranganing obah saèm. gênjut.
juti: I kw ala, piala. II (S) kw. ak: rikat bangêt.
(juthil): n-[x] êngg. kn nguthil.
juwa: êngg. kn gorengan mlinjo (klathak).
juwadah: kn ar. panganan sing digawe kêtan; kc. jadah.
(juwal): (M) êngg. pc adol; [x] blanja (gajih) pc: utang nganggo tanggungan bayar; [x] mula (mulak): adol sing kawitan (dudu kulakan); [x] dhuwa kali: adol sing wis kulakan.
(juwara): ka-[x] kn misuwur, kondhang.
(juwarèh): n-[x]-i êngg. kn 1 mbosêni tmr. pangrungu; 2 ngandhakake prakara sing ora pantês dirêmbug.
juwas-juwas: êngg. kn wis êmoh nglanggati.
juwata: kw dewa; kc. jawata.
(juwawah): n-[x] kn amba cangkême lan kandêl lambene.
(juwawul): n-[x] kn ora alus tmr. rambut.
juwawut: kn ar. têtuwuhan lan wohe bngs. otèk.
juwèh: kn tansah ginêman, tansah mêmaoni.
(juwèk): di-[x] êngg. pc: dijupuk.
(juwèwèh): n-[x] kn 1 saèm. njuwawah; 2 juwèh.
(juwèwèk): n-[x] kn amba cangkême.

juwêt: I kn bola-bali (tansah) nênuturi, maoni lsp; n-[x]-i anake: tansah juwêt marang anake. II êngg. kn: dhuwit.
juwi: I kn ar. kewan sêgara bngs. srotong. II êngg. pc: mangsa! aku ora ngandêl!
(juwing): di-[x]-[x] kn disuwèk-disuwèk[5] (dicuwil-cuwil) nganti ajur.
(juwis): n-[x] kn cangkême ciyut lambene tipis.
(juwit): n-[x]-i êngg. kn ngumêd-umêdi.
juwita: kw putri.
(juwiwig): n-[x] kn sêthithik tur ora diêlus tmr. rambut.
(juwiwis): n-[x] kn juwèh.
(juwut, juwot): di-[x] êngg. pc dijupuk.
juwog-juwog: kn pating krêmbyah ut. madhul-madhul tmr. rambut; kc. juwowog.
(juwowog): n-[x] kn njêbobog madhul-madhul tmr. rambut.
(juwowol): n-[x] kn madhul-madhul mêtu tmr. kapuk ing bantal lsp.
(juwowos): n-[x] êngg. kc dhêlêg-dhêlêg sarta suntrut.
joane: êngg. pc wc. ijoane (têgêse, jarwane).
jobag: êngg. kn jêbag.
(jobar): n-[x]-i êngg. kn njugari.
jobin: êngg. kn kc. jubin.
jobong: êngg. kn 1 bngs. kranjang; 2 (ut. [x]-an) guthêkan lêgokan ing sênthong; 3 ks. palanyahan; kc. jubung.
(joblêg, joblog): n-[x] êngg. kn mênêng tanpa sumaur; kc. jublêg.
joblig: êngg. ks bangsat.
jojo: I kn ar. têtuwuhan rumambat. II [x]-[x] êngg. kn: idêr-idêr; kc. jaja.
(jojog, jojrog): n-[x] kn lumayu ora pati bantêr tmr. jaran.
jojoh: kn barang sing dawa lancip dianggo nyogok; di-[x]: 1 dicocog nganggo jojoh; 2 dilêmbutake tmr. jadah lsp. nganggo jojog; di-[x] ing ujar: diujar-ujari.
jodhang: kn ar. wadhah wangun pêsagi dawa nganggo pikulan dianggo nggawa panganan, ambêngan, kiriman lsp.
jodhas: kn judhas.
jodhèh: kn ora prêmati anggone nutupi wêwadine; n-[x]-i: 1 mudani; 2 njodhèri, ngonangi.
(jodhèr): njêjodhèri kn miyak wadi, ngonangi wadi; kê-[x]-an: kêwiyak wadine, konangan.
(jodhi): ka-[x] kalah, tiwas, kawasesa ing mungsuh.
jodho: kn 1 cocog, bisa gathuk (runtut); 2 kang dadi rakitane (têtimbangane); 3 rêrakitan lanang wadon; 4 mustajab, bisa ndayani tmr. tamba lsp; 5 rujuk, nunggal karêp; dijodhokake: dirakitake, diomah-omahake, sa-[x]: sarakit, sapasang; jêjodhoan: bêbojoan.
--- 98 ---
jodhog ~ (jongkot)
jodhog: êngg. kn 1 dhingklik cilik, cagak sanggan; 2 ajug-ajug diyan.
jodhong: êngg. kn 1 bngs. sênik gêdhe; 2 bngs. lumbung cilik-cilikan.

jog: kn 1 katêrangane têka; 2 êngg. anjog ing, têkan ing; 3 apa-apa sing dianggo ngganêpi kêkurangane, wedang sing dianggo muwuhi; ngê-[x]-i: 1 muwuhi apa-apa sing wis êntèk (kurang): 2 nambêli, mbayari dhisik: ka-[x]: kêcuwan, kayata maune sugih dadi mlarat bangêt.
jogah: kn ar. dolanan saèm. jelungan sing mêntas ora kêna ngambah lêmah.
jogan: kn jrambahing omah.
(jogang): êngg. pc jugang.
jog-jogan: kn apa-apa sing diêjogake; kc. jog.
jogèd: êngg. kn. tlèdhèk; 2 kn. bêksa ki. solah bawa sing tinata manut wiramaning gêndhing; n-[x]: nindakake jogèd.
jogi: kn têmpaos; rokok [x]: rokok nganggo wur têmpaos.
joglo: kn ar. wanguning omah (mawa saka guru, brunjung lan tumpang).
(joglog, jogrog, jogros): n-[x] êngg. ks mbêgogok ora tumandang ing gawe.
(jogol): n-[x] êngg. kn nggêlut.
joh, jok: pc aja.
johan, jowan: kn ar. manuk bngs. dhêruk.
johar: I (A) kn 1 ar. lintang; 2 ar. intên. II (ut. jowar) kn: ar. wit.
(johoh): n-[x] kn njèhèh.
jok: 1 pc aja; 2 (ut. njok) pc: sok; di-[x]-ake pc: diajokake.
jokal: (A) kn ar. lintang.
joki: (W) kn tukang nunggang jaran balapan; kc. jongki.
jol: mak [x]: katêrangane nronjol.
(jola): n-[x] kn njumbul marga kagèt.
jolang: kn joli gêdhe.
jolang-jalingan: kn thothoke êndhas kutuk; kc. jaling.
jolèn: kn bngs. tandhu, kc. joli.
joli: kn bngs. tandhu.
joluk: êngg. pc jêjuluk.
jolok: ut. [x]-an êngg. kn adhakan, gampang kêtêmune.
(jolor): n-[x] êngg. kn nlosor, mrambat; kc. jalar.
jomblah: pc jumblah.
(jomblak): n-[x] ut. [x]-[x] êngg. kn bungah (susah) dadakan, kagèt.
jomblang: kn lêlurahing palanyahan.
jomblo: êngg. kn 1 kothong sarta bosok tmr. krambil; 2 kurang pintêr, bodho.
(jomblong): n-[x] kn mlongo marga gumun lsp.
jombok: ut. [x]-an êngg. kn sawah lsp. sing kakêndhong ing banyu, jêjêmbêkan; kc. jombor.
jombor: kn jombok; sukêt [x]: ar. sukêt sing urip ing jêjêmbêkan.
(jombrèt, jombrit): êngg. pc jimbit.
jombrètan: êngg. kn jelungan.
(jombros): n-[x] êngg. kn rêgêd lan ora alus tmr. rambut, brêngos.
jombrot: êngg. kn bobrok, jatuh tmr. dêdagangan lsp.

(jomplak): êngg. kn kc. jomblak.
(jomplang): n-[x] kn 1 njêngat sasisih marga ora timbang; 2 ndhoyong, ora adil.
jompo: êngg. kn jêmpo.
jompong: I kn balung mblêndhuk sacêdhake kuping tmr. jaran. II êngg. kn: godhong jati ênom. III êngg. kn: kuncung. IV êngg. ks: ompong lan kêmpot.
jonjang: I kn. ak ar. ukuman sarana dikêthok tangan lan sikile; di-[x]: diukum kakêthok tangan lan sikile. II ut. jonjing, jonjit kn: oglak-aglik marga sikilane dawa cêndhak, pincang marga sikile dawa sisih; [x]-an: ora ajêg.
jonjong: kn kc. jonjang II.
jonjit: kn kc. jonjang II.
jonjong: I kn dawa (ora timbang pawakane); kc. lonjong. II di-[x] ut. dijongjong pc: diêjong-êjong, diugung bangêt.
jondhang: êngg. kn jodhang.
(jondhit): n-[x] kn sikile buri diumbulake tmr. jaran lsp.
jondhol: êngg. kn rondha ing padesan.
(jontong): n-[x] kn anyêl, mangkêl.
jontrot: kn 1 manuk sing dianggo mikat; 2 apa-apa sing dianggo mêmengin; n-[x]: 1 mikat manuk nganggo jontrot; 2 mêmasangi karêbèn kêpencut; 3 êngg. njogros, mbêgogok tanpa tumandang ing gawe.
(jonthit): n-[x] êngg. kn njondhil.
(jonthok): n-[x] êngg. kn njanthok.
jong: I kw payung, tutup; a-[x]: pêpayungan, tutupan. II kn: bngs. prau gêdhe; ngê-[x]: nunggang jong.
(jonggala): n-[x] êngg. kn njola.
jonggol: I êngg. kn janggol, jagul; dianggo [x]: mung dianggo lamis; [x]-an êngg: tanggungan; kc. janggol. II n-[x] êngg. kn: 1 katon gêdhe dhewe; 2 njanggol, mbêgogok.
(jonggrang): n-[x] ut. [x]-[x] kn kêladuk lêncir tmr. dadêg[6] piadêg.
jonggring-sêlaka: kw kayangane Bathara Guru.
(jonggrong): [x]-[x] kn gêdhe dhuwur tmr. pawakan; kc. jonggrang.
jongkang: I kn bngs. jangkrik. II n-[x] kn: rada miring, ora wrata lumahe; di-[x]: diunggahake (diangkat) sêthithik; ks. jongkèng, jongkèt, jongkit.
(jongkèng): di-[x] êngg. kn dijangkang.
jong-kèri: kn ar. gêndhing.
(jongkèt): di-[x] êngg. kn dijongkang.
jongki: (W) kn tukang nunggang jaran balapan; kc. joki.
(jongkit): n-[x] êngg. kn njongkang.
jongkla: êngg. kn ora jênak.
(jongkok): n-[x] êngg. kn ndhodhok.
(jongkong): I di-[x]-ake kn 1 dijorogake amrih tiba krungkêb; 2 diloropake amrih sangsara. II kn: ar. panganan; [x] inthil: jongkong karo inthil dianggo slamêtan.

(jongkot): n-[x] êngg. kn njoggrog,[7] mbêgogok.
--- 99 ---
(jongla) ~ jrojos.
(jongla, jonglok): n-[x] êngg. kn njola.
jongok: I êngg. kn ajug-ajug, jodhog. II n-[x] kn: 1 linggih gulune manglung tangane (sikile ngarêp) napak; 2 ks. linggih; kc. jêngongok, dêngongok.
jongor: I kn congor; n-[x]: kandêl lan njêbrèt tmr. lambe. II di-[x]-ake kn: dijorogake nganti raine kongsêp; ke-[x]: tiba raine kongsêb. III n-[x] êngg. kn: njongok.
jongos: (W) kn 1 batur Walanda; 2 paladèn ing hotèl lsp.
jor: I [x] bae pc diêtogake bae; di-[x] kn: diuja sakarêpe; ngê-[x]-i: ngudi amrih bisa ngungkuli (luwih laris, luwih murah lsp); [x]-[x]-an: onjon-onjonan. II an-[x], man-[x] kw: nrajang, mangsah.
jorak-jarikan: êngg. kn gombal; kc. jarik.
(jorang): jêjorangan êngg. kn sêmbranan.
jorang-jaringan: êngg. kn jaringan.
jorètan: êngg. kn jelungan.
jori: kn ar. têtuwuhan kêna digawe tamba.
jorna: êngg. pc katogna, karêbèn; kc. jor.
jorog: kn 1 pawèwèh murih katurutan sêdyane; 2 pawèwèh marang calon bojo; di-[x]-i: diwènèhi apa-apa sadurunge dadi pangantèn; di-[x]-ake: disodhokakake maju, dijongkongake.
(jorong): I di-[x]-ake kn dijongorake; ke-[x]: kêjongor; [x]-ên: kumudu arêp tiba krungkêb. II [x] pancur kn: lara nggrajag gêtih; di-[x]-i êngg: diilingi, diisèni sarana diêcuri; [x]-an êngg: bngs. ilèn-ilèn banyu.
jos: kn pêpindhaning swara saèm. jus.
jot: mak [x] kn katêranganing kagèt; kc. kêjot.
(joto): n-[x] kn 1 (ut. mênjoto) mênyonyo, abuh (mlêmpung) mêncungul; 2 njomblong, mênêng bae sêmu gumun.
(jotos): n-[x] kn ngantêm ing rai (êndhas).
(jothak): n-[x] kn êmoh ngaruh-aruhi, ngênêngake; [x]-an: nêng-nêngan.
jothok: êngg. kn têtêp ora ngalih-ngalih, ajêg.
jowal-jawil: kn tansah njawil.
jowan: I kc. johan. II êngg. kn bngs. pacul.
jowane: êngg. pc ijoane, karêpe.
jowar: kn johar (ar. wit).
jra: kw jrah, anjrah.
jrabang: kn abang tmr. ulêsing jangkrik.
jrabing: pating [x] kn katon rubung, jirap.
jraga: êngg. kn bêdudan.
jragan: êngg. pc juragan.
jragêm: êngg. kn dragêm (ulêsing jaran).
jrah: an-[x] kw: sumêbar wrata.
jrak: wis [x] pc wis anjrak; an-[x]: manggon ing, andhok ing.
jrakah: kn ar. wit.

(jranthal): n-[x] kn mlayu rikat tmr. tikus lsp.
jrambah: kn jogan ing omah têngah (kanggo linggihan).
jranggol: pating [x] padha njanggol. jrangking kn 1 garing, aking; 2 ar. panganan lempengan kêtan dipanggang; n-[x]: 1 nggaringake, mepe jagung lsp; 2 ngêngurangi pangan supaya kuru; 3 anggone makani (ngingoni) dikurangi.
jrangkong: kn 1 bêbalungan raganganing manungsa ut. kewan; 2 ar. mêmêdi awujud raganganing manungsa; kewan jêjrangkongan: kewan sing mawa balung ragangan.
jras: kn pêpindhaning swara (katêrangan) macul, nyuduk lsp.
(jrèjès): n-[x] kn nyuwara jès (jrès).
(jrèg): di-[x]-i êngg. pc dijègi.
jrèndhol, jrêndhol: pating [x] kn padha mlêmpung (abuh); kc. jèndhol.
jrèng: kn pêpindhan swaraning dhuwit diêsok; mbayar [x]: têrus mbayar kabèh (ora utang).
jrès: kn pêpindhan swaraning rèk digaritake.
jrèt: kn 1 pêpindhan swaraning bêdhil angin lsp; 2 dumadakan mêcothot mêtu.
jrèwès: pating [x] kn pating dlèwèr.
jrêg: kn jlêg.
jrêngki: êngg. kn drêngki.
jrêp: mak [x] kn dumadakan tumancêb.
jrêthot: pating [x] kn padha nywara jêthot-jêthot.
jriji: êngg. kn driji.
jrijis: êngg. kn cêthil, kumudu njêjaluk.
jrih: kw wêdi; kc. ajrih.
(jrinêt): n-[x] êngg. kn njlimêt.
jrinjing: êngg. kn trincing.
jring: êngg. kn jêring (jengkol).
jrithêt: pating [x] kn 1 padha bithêt-bithêt; 2 akèh dondomane.
jrubasa: pc wc. juru-basa.
jrug, jrog: mak [x] kn dumadakan tiba (têka); kc. jlog.
jrukunci: pc juru-kunci.
jrum: kw pitênah, paeka; an-[x]: mitênah maeka; kc. jarum.
(jrumat): n-[x], n-[x]-i kn ndondomi jarit lsp. sing wis suwèk (bolong).
jrumpul: êngg. kn dhêmpêl (lawang, cêndhela).
(jrunthul): n-[x] kn mlayu bantêr êndhase ndhungkluk.
(jrungup): di-[x]-ake êngg dijlungupake; kc. jlungup.
jrus, jros: mak [x] kn dumadakan tumancêb.
jrut, jrot: mak-[x] kn dumadakan mêcothot (mancur).
jrutulis: pc juru-tulis.
jro: wc jêro.
jrobong: êngg. kn tobong, pangobongan gamping.
(jrojog): n-[x] kn têka dadakan; [x]-an êngg: grojogan.
(jrojos): n-[x] kn nywara jos-jos.
--- 100 ---
jrog ~ dhayang

jrog: kn jrug, jlog.
jrogjrogan: êngg. kn omah ngarêp sing dianggo jujugan.
jromah: êngg. pc 1 ing jêro omah; 2 (ut, [x]-an) sênthong ut, peranganing omah sing jêro.
jromblong: pating [x] kn padha ndomblong (njomblong).
(jronthol): n-[x] êngg. kn njrunthul.
jrong: mangsa [x] êngg. kn pagêblug.
jrongan: êngg. kn jurang.
(jrongkong): di-[x]-ake êngg. pc dijongkongake.
jrot: kn kc. jrut.
jrowan: pc jêroan.
jwah: kw ing têmbe, besuk.
jwala: (S) kw sorot, gêbyar, urub.
jwalana: (S) kw gêni; cs 3.
jwalita: (S) kw sumorot, gêmêbyar, murub.
jwawut: pc juwawut.
jyar: kw wulang, ajar.
jyut: pan-[x] kw diyan, sorot.
jyoti: (S) kw sorot, pêpadhang.
jyotisa: (S) kw. ak ngèlmu palintangan.

1. jêrbabak.
2. mbalela.
3. munggah.
4. tobat-tobat.
5. disuwèk-suwèk.
6. dêdêg.
7. njogrog.

Dh

dha: êngg. pc padha.
(dhabyang): di-[x] kn dicêkêli (disangga) baune ing nalikane mlaku.
dhablang: kn dhaplang, dhèplèng.
(dhabrêg): nganti n-[x] pc nganti akèh bangêt.
dhajêng: pc wc. adhi ajêng.
dhadha: kn. jaja ki, gêmbung kang ngarêp (sadhuwure wêtêng); suku [x] atêkên janggut pr: kalawan rêkasa bangêt; ngilani [x] pc: ngina marang liyan; di-[x]: 1 ditadhahi ing dhadha; 2 dicakup wirasane (layang, wangsit); 3 (ut. didhadhani) disanggêmi, diakoni, didhadhagi; pan-[x]: anak kang katêlu (adhine panggulu).
dhadhag: kn wani njaga (nanggung) kalawan panggah; n-[x] êngg. ks: mangan; di-[x] êngg. diwatun; di-[x]-i: disangga (diakoni) kalawan tatag (tmr. prakara ut. kaluputaning liyan).
dhadhah: I kn:pagêr sing gawe têtuwuhan.II n-[x] êngg. kn: 1 akèh bangêt wêtune, (tmr. wowohan lsp); 2 bawera, ora kauban apa-apa.
dhadhak: kn tlutuh kang nggatêli (kwèni, pakèl lsp); [x]-an: jalaraning pasulayan lsp; [x]-an nglayoni pr: rêmbug kang ngèrèni (amurih wurung, rusak lsp).

dhadhal: kn 1 bêdhah (jêbol) sarta kentas dening banyu (tmr. bêndhungan, krêtêg lsp); 2 br. mawut (bubrah tatanane) tmr. baris; di-[x] êngg: dicabut tmr. sawah gadhuhan lsp (marga ora nêtêpi kang dadi kêwajibane); di-[x]-i êngg: dikêthoki (ditêgori) tmr. pang-pang, rêrencekan lsp.
dhadhali: kn. ak: sriti.
dhadha-manuk: n. dhadha-pêksi kn: dhadha sing mungal.
dhadhap: I ([x] ayam, [x] bong, [x] srêp lsp) kn: ar. wit; si [x] lan si waru: ngarani jênênging wong sing ora têrang; [x] kêtuwuhan cangkring pr: prakara sing wis bêcik têmahane dadi[1] ana kang njalari ala.II kn: bngs. tamèng awangun lonjong; n-[x]: 1 namakake dhadhap; 2 (ut. laku [x]) êngg. mlaku sêmu mundhuk-mundhuk kaya yèn arêp mapan sila; di-[x]-ake: dicêkêlake (sêdhela) dianggo tanggungan utang.
dhadhap-mantêp: kn ar. têmbang gêdhe.
(dhadhar): n-[x]-i kn: mêtu (tmr rêmbulan).
dhadharan: kn. ak. panganan; kc. dhahar.
(dhadhat): an-[x] jk nyuwèk, mbêdhah, ngadhul-adhul.
dhadha-walang: (kikir-[x]) kn kikir mawa lingiran têlu.
dhadhu: (Prt) kn pêsagèn ing lumahe didokoki mata (plênikan 1-6) dianggo ngabotohan; digêbug ing [x]: diundhi nganggo dhadhu.
dhadhuk: êngg. kn gêgodhongan garing (rapak, damèn lsp).
dhadhung: kn tampar gêdhe (kanggo nancang sapi lsp); di-[x] pc: ditalèni lsp. nganggo dhadhung.
dhadhul: (ut. n-[x]) êngg. kn: lêmu wêwêg.
dhadhon: kn kang wangune kaya dhadhu.
dhaèng: kn 1 sêbutane darah Bugis; 2 ar. prajurit ing Ngayogyakarta.
dhag: êngg. kn 1 têlag, têndhang; 2 lowong (ora mlêbu ing panggawean, tungguk lsp); di-[x]-ake êngg. pc: 1 disuwungake (tmr. omah lsp); dilowongi (tmr pagawean).
(dhaga): n-[x]- [x] êngg. kn: ngangah-angah, kêpengin bangêt.
(dhagdhag): di-[x]-ake pc diêblak-êblakake; kc. dhag.
dhagdhog: pc ora ajêg; kc. jagjog.
dhage: êngg. kn: bngs tape.
dhagêl: kn. ak:1 magêl, isih atos; 2 pc. wangkod, wangkal; 3 êngg. tanggung, têngahan; n-[x] êngg. pc: nglucu; [x]-an êngg: tanggung, têngahan; 2 pc. badhut, lêlucon.
dhagi: êngg. kn: undhagi.
dhagu: êngg. kn: janggut.
dhagrèg: êngg. pc wis lawas tur wis rusak.
dhah: (ndhah) (W) pc taklim (yèn kêpêthuk lsp); di-ndhahi pc. ditaklimi
dhaham: dhahêm kn. ak dhèhèm.
dhahar: ki 1 pangan; 2 ak. sêga sêdhiyan; 3 mangan; 4 êngg. ngombe; di-[x] ki: dipangan; 2 digugu; [x]-an ki: 1 (ut. dhêdhaharan) panganan (lêlawuhan lsp); êngg. wêtêng; dhêdhaharan kn. ak: padha kêmbul mangan; kc. dhadharan, padharan.

dhahas: kn asat ut. garing (tmr palêmahan, lêmah).
dhahat: kw bangêt; kc. dhahat.
dhah-dhèh: ora [x] êngg. pc tanpa (nggêgawa lsp) apa-apa.
dhahga: kw 1 ngêlak; 2 murka ngangsa-angsa; kc. dhaga.
dhahina: jk rahina rina.
dhahyang, dhayang: êngg. pc. dhayang.
--- 101 ---
dhai ~ dhanyang
dhai: êngg. kn. bathuk.
dhaya: êngg. kn. tlèdhèk; kc. bêdhaya.
dhayang: I 1 kw. abdi wadon; 2 êngg. kn. palanyahan. II êngg. pc: dhanyang. III [x]-[x], [x]-an êngg. kn: lunga mrana-mrana golèk pangupa-jiwa.
dhayang-buruh: kn. ak lunga bêburuh.
dhayuh: pc êngg. dhayoh.
dhayum: êngg. kn wis dilêrêmake supaya kêlêbon hawa (tmr. lêmah kang digarap); kc. dhayung.
dhayung: I kn saèm, wêlah; [x] olèh kêdhung pr: olèh dalan (sarana) sing prayoga (tmr. wong nêdya ala lsp); di-[x]-(i): diwêlahi. II êngg. kn: wis dilêrêmake supaya kêlêbon hawa (trm. lêmah sing digarap); di-[x]-ake: dilêrêmake supaya kêlêbon hawa (trm. lêmah sing digarap).
dhayoh: n. tamu kwong kang têka pêrlu tilik (ndêdêgi, arêp têtuku, ngajak rêmbugan, sanja lsp); duwe [x] êngg. pc: duwe anak (kang mêntas lair); dhêdhayoh ak: nêmoni dhayoh; di-[x]-i: ditêkani ing dhayoh; (pa-) [x]-an: panggonan sing didhayohi; kê-[x]-an: 1 kêtêkan dhayoh; 2 êngg. pc. duwe anak; 3 êngg. pc. kêmalingan; kc. mêrdhayoh.
dhayot: êngg. knkukul; dheyot.
dhak: I (ndhak) êngg. n ora. II (ndhak) pc: mundhak, up. aja nakal, ndhak disrêngêni. III (ndhak ene) pc: pêndhake dina (sasi lsp) iki. IV dipun-[x]-akên pc: dipun-êdhak-akên; kc. udhun. V di-ndhakake pc: diêndhakake; kc. êndhak
dhakah: kn 1 ak. gêdhe tmr. wit ut. woh; 2 (ut. [x]-srakah) kumudu-kudu olèh (njaluk olèh) akèh.
dhakar: (-e) êngg. kn pancèn, mula pancèn nyata yèn.
(dhakên): dipun-[x] êngg. k. didhaku.
(dhaku): di-[x] kn. diêpèk, diaku
dhakohan: êngg. kn. brokohan.
(dhakom): n-[x] êngg. kn. ndhêkêm, mêngkurêb (têturon).
dhakon: kn. ar. dolanan nganggo kêcik lsp. ing kayu; lêsungan mawa cluwokan jèntrèk-jèntrèk ing pungkasane ana cluwokane gêdhe diarani lumbung.
dhak-wa: (ndhakwa) kn. sing siji cêndhak sijine dhawa.
dhalang: kn. 1 wong kang nglakokake sarta nyritakake wayang (topèng, wayang wong lsp); 2 êngg. wong kang sêsorah, maca lsp. ana ing pasamuan; [x] mangsa kuranga lakon: ora bakal kêntèkan omong

(reka); [x] kêrubuhan panggung pr: kandhêg (kapêdhot) omonge; n-[x]: nglakokake sarta nyritakake wayang.
dhalangan: kn. saèm meja ut. dhingklik dawa dianggo nyèlèhake kayu sing dipasah (apa-apa sing digarap); êngg. awak-awaking graji, raganganing pit.
dhaldhalan: pc. tansah arêp lunga.
dhalung: êngg. kn. 1 kêndhil gêdhe, blencong.
dham: I êngg. kn. giliran (jaga ing cakruk). II êngg. kn: bêndhungan. III ([x]-[x]-an) kn: ar. dolanan nganggo blabag lsp. digambari pêsagèn-pêsagèn (abang putih ut. irêng putih).
dhamang: kn. 1 êngg. gampang cak-cakane (gayuh-gayuhane); 2 têrang pêngêrtiane, mangêrti têmênan; di-[x]-ake: dingêrtèkake têmênan, diyakinake; ora n-[x]-ake: ora terang tmr. kabar lsp.
dharmaga: jk. dalan gêdhe
dhambul: kn. ar. dolanan sarana ngumbul-umbulake watu ut. bal.
dhami: êngg. pc. bedhami.
dhamis: kn. rapêt sarta trêp tmr. sêsambungan, tangkêbing lambe lsp.
dhampa: kn. ar. lêlara kulit padha mrêkotok abang-abang.
dhampak: êngg. kn jêmbar dhadhane lan sêmbada (tmr. pawakan).
dhampar: kn 1 êngg. ak. saèm. dhingklik ut. meja cilik cêndhèk; 2 palênggahaning ratu (saèm. kursi tanpa tanganan).
(dhampèng): n-[x] kn 1 (ndhêlik) mèpêt ing wit (bambing padhas karang lsp); br. ngayom, ngêmpèk-êmpèk njaluk pitulungan.
dhamping: êngg. kn bambinging jurang lsp. kang njulêg.
dhampit: kn bocah kêmbar lanang wadon.
(dhampyak): [x]-[x], dhêdhampyakan kn mlaku barêng jèjèr-jèjèr.
dhampyang: I [x]- [x] pc dhampyak-dhampyak. II kn.: rangkêp gêgandhengan, kc. sagantilan ana wohe 3 ut. luwih; di-[x] pc: digandhèng dadi siji, dirajut; [x]-an: ombyokan, dhompolan.
dhampyuk: pc dhumpyukan
dhampyung: kn dhampyang.
dhamplak: (ut. [x]-[x]) kn gêdhe dawa (tmr. sungu, asêm, gêdhang).
dhamplèng: êngg. ks rupa wujud; kc. dhapur.
dhana: (n-[x]) êngg. pc mrana.
dhana-dhini: êngg. kn gêdhana-gêdhini.
dhandha: (S) kw gada, pênthung; kc. dhêndha.
dhandhan: kn1 garan payung; 2 êngg. tampar kawat, tampar gêdhe kang digawe pring ênom (dianggo nggèrèt glondhongan lsp); 3 jomblang; di-[x] kc: dicancang.
dhandhang: I 1 kw. gagak; 2 (ut cucuk [x]) kn. ar. piranti kanggo ndhongkèli watu lsp. awujud wêsi lancip digarani; [x] diunèkake kuntul pr: sing ala dikandhakake becik; n-[x] (-ngêlak): nganjap supaya ènggal nêmahana cilaka (mati); kc. kudhandhangan. II n-[x] kn. ak: padhang bangêt, têrang bangêt.
dhandhang-gêndhis: êngg.k dhandhang gula.
dhangdhang-gula: kn ar. têmbang maca-pat.

(dhandhêng): n-[x] êngg. kn tansah lunga (mênyang ing ngêndi-êndi); kc. dhêndhêng.
dhandhêr: êngg. kn kêtela kaspa.
(dhandhing): n-[x] kn cilik apik (luwis).[2]
dhanu: êngg. kn tlaga; kc. ranu.
dhancang: kn. ak bancang.
dhanyang: kn 1 ([x] baurêksa, [x] pakayangan) [paka...]
--- 102 ---
[...yangan)] dhêmit sing mbaurêksa ing sawijining panggonan; 2 ak. sanggan ut. congkok tembok; kc. bau-dhanyang, dhanghyang.
dhang ~ dhasar
dhang: jk têmbung sêsêbutan pakurmatan saèm, sang.
dhangah-dhangah: kn (mlaku) gagah.
(dhangak): n-[x] kn êndhase nglênggak munggah raine tumênga; kc. dhêngak.
dhangan: kn 1 êngg. ènthèng, ènthèngan ing gawe; 2 êngg. kêpenak (waras, mari); 3 ([x] ing ati) kanthi sênêng sarta lega-lila; 4 (yèn [x]) yèn lêga (kobêr); n-[x]-ake: mêrlokake minakake wêktu kanggo; [x]-an: ènthèngan, sênêng têtulung.
dhangdhang: kw gagak; kc. dhangdhang.
dhang-dheng: kc tansah nyuwara mak dhêng.
(dhandhêng): n-[x] kn ndhandhêng.
dhangdhêr: êngg. kn kêtela kaspa
dhangdhing: ora [x] êngg tanpa apa-apa.
dhangdhong: kn têrkadhang sok.
(dhangêt): di-[x]-ake êngg. kn dirungokake; kc. midhangêt.
dhangglongan: êngg. kn ora ajêg; rada nganèh-anèhi (gêndhêng).
dhangbyang, dhangyang: kw 1 sêsêbutane para pandhita; dhêmit kang mbaurêksa; kc. dhanyang.
dhangir: kn maculi lêmah (diadhuk sarta dirêsiki rêrêgêde); [x] alis br: kêrik alis; di-[x]: dipaculi (diadhuk sarta dirêsiki rêrêgêde).
dhangka: 1 jk. guwa (rong) pambuwangan mayit; 2 ks. padunungan, omah.
dhangkak: êngg. kn. ak gulune cêndhak sarta dhadhane mungal; 2 kc. dhêngkak.
dhangkal: êngg. kn 1 kaku; 2 wangkal, wangkod; 3 atos tmr. wowohan; 4 bolot (rêrêgêding awak); n-[x], [x]-ên: bolotên, awake rêgêd.
dhangkèl: kn oyot lajêr sing mbêdhênggol; di-[x]: dibêdhol (dikêdhuki) dhangkèle; n-[x] êngg.ak: tanpa mung mangan oyod-oyodan.
dhangklèh-dhangklèh: pc dhèngklèh-dhèngklèh.
dhangklak-dhangklik: kn. ak dhêngklak-dhêngklik.
(dhangkruk, dhangkrok): n-[x] pc linggih, mbêngkuk (mêthangkruk ing wit lsp).
dhanglêng: kn. ak gêndhêng.
dhangling: kn gêndhêng.
dhangsah: kn njogèd cara Eropa.

dhangsul: êngg. k 1 kêdêle; 2 kêndhali.
(dhangsur): n-[x] ks turu (turon) saênggon-ênggon.
dhauk: pc wis tuwa bangêt; kc. dhawuk.
dhaulu: kn. ak 1 ula êndhase loro (mung ing dongèng); 2 atine mangro; gunêman krama karo ngoko dicampur baè.
dhaun: kw godhong.
dhaup: kn 1 pc. jodho karo; 2 wis jêjodhohan (salaki rabi) karo; di-[x] êngg: ditêmokake (tmr. pêngantèn), dijodhokake karo.
dhaut: I ki 1 ompong; 2 pupak (ganti untu); 3 puput pusêr; [x]-an ki: slamêtan (jagongan) puputan. II kw: budhal, bedhol (tmr. prajurit) di-[x]: kw. dibêdhol, dijabut; 2 kn. dibêdholi (tmr. winih pari arêp diêlih ditandur ing sawah).
dhaon: 1 êngg. k. godhong; 2 êngg. kn. nipah.
dhaos: êngg. k dhacin.
dhapa: (ndhapa) n. ndhapi k. kc pendhapa.
dhapêt: kn 1 pc. ak. rapêt; 2 (ut. n-[x]-i êngg. pc. olèh,entuk.
(dhaplang): n-[x] kn mbapang, njêpaplang.
dhaplok: wis -[x] (an) ks wis tuwa.
(dhapuk): di-[x] kn 1. ak. ditumpuk pêpanthan (tmr. pari sing mêntas diênèni); 2. ditata sarta dirancang (tmr. prakara sing arêp dirêmbug, crita, buku lsp), [x]-an: 1. êngg.pc.pêpanthan, tumpukan; 2. rancangan, tatananing crita, layang lsp.
dhapur: I kn: 1. (ut. [x]-an) grombolaning pring, têbu lsp; 2. sêsipataning wêwangunan (minôngka titikaning jênênge, asale lsp. tmr. kêris, omah, lsp); 3. (ut dhêdhapuran) ks. rupa, wujud (praèn); 4 ([x]-e) êngg. pc. sêmune, wangune, ayake; 5 êngg. pc. pancèn mula, dhasar mula; ora [x]: ora mèmpêr; di-[x]: 1 (ut. di-[x]-i) êngg. digolongake dadi siji; 2 diwangun, didhapuk saka pêpiridan crita kuna. II êngg. kn: 1 pawon; 2 jagrag kêmudhi.
(dhar): di-[x]-ake pc diwêdharake
dhara: kn 1 wis mèh dadi babon (tmr. pitik), wis mèh ngêtokake woh (tmr. têtuwuhan); 2 tanggung (ora gêdhe ora cilik), up. piring [x], basi [x].
dharah: êngg. kn 1 darah; 2 pc. gêtih; [x] mudha pc: wêwatakane wong nom gampang kêbrangas, ora sabaran.
dharaka: (S) kw. ak sabar momot.
dharak-dharak: êngg. kn lêlarikan tharik-tharik
dharani: (S) kw ak bumi.
(dharang): ke-[x]-[x] kn kêtula-tula têkan ngêndi-êndi.
dharat: kn 1 lêmah têpining sêgara (dadi têtimbangane ing banyu); 2 (ut. n-[x]) ngambah ing lênah (têtimbangane ngambah in sêgara ut. mabur); 3 (ut. n-[x], [x]-an) mlaku barès (ora nênunggang); [x]-an: tanah, lêmah (têtimbangane lautan, banyu).
dhar-dhèr: pc tansah nyuwara dhèr (mêrcon, bêdhil lsp).
dhari: (S) kw. ak (wong) wadon.
dharik-dharik: kn lêlarikan tharik-tharik.
dhas: (ndhas) pc êndhas.

dhasar: kn 1 bontos (perangan kang ngisor) tmr. wadhah, kêndhil lsp; 2 lêmah sangisoring banyu (sêgara, kali, tlaga lsp); êngg. tlasah jogan, jrambah; 4 (ut. dhedhasar) têtalês kang minangka lêlèmèk, up. dhedhasaring piwulang; 5 (ut. dhedhasar) têtalêsing wêwatakan (kapintêran lsp) gawan wiwit lair mula; 6 lapisan kang ngisor (tmr. watu, cèt lsp); 7 kang dadi bêbakuning warna (tmr. tênunan, pulas lsp); 8 garis ut. lêmah kang ngisor (tmr. gêgambaran ing èlmu wangun); 9 êngg. sawah pusaka; 10 êngg. pc. mula, mula pancèn; 11 (ut. [x] ya mêngkono) mula nyata; 12 (ut. [x]-e) jêr pancèn, amarga pancèn; 13 (ut. [x] uga) êngg. tur;
--- 103 ---
14 (ut. dhedhasar) nata dodolane supaya katona ing akèh; 15 (ut. dhasaran) dagangan sing didhasarake; 16 ak. petungan kèhing pangombene minuman kêras, up. têlung [x] (= têlung sloki); n-[x]: 1 têkan ing dhasar; 2 ngambah ing dhasar; 3 pc. andhap asor bangêt; di-[x]-i: 1 didokoki dhasar (lapisan cèt kang ngisor lsp); 2 ditrapi (didokoki) têtalês; 3 pc. slondhoh; di-[x]-ake: ditata supaya katona ing akèh (tmr. dagangan).
dhasèn ~ dhèk - ere
dhasèn: kn nganggo dhasi
dhasi: (W) kn ([x] klawèr, [x] kupon, [x] sêtrik) ewoning panganggo pacakan awujud sutra lsp. kaubêdake ing gulon kêmejan.
dhat: kn. ak cat, up. [x] eling [x] ora; [x]- [x]-an: ora jênjêm, kêrêp nglilir gragapan kc. dhat-nyêng.
dhatêng: k 1 têka; 2 mênyang; 3 marang; 4 êngg. têkan; (nuwun inggih) [x] sêndika br: iya, sêndika; [x] kasuwun br: matur nuwun.
dhatêngan: êngg. k dhayoh.
dhat-nyêng: pc ora ajêg (tmr. pêpenginan lsp).
dhatu, dhatuk: kw ratu, bêndara; kc. kêdhaton.
dhatulaya: kw dalêming ratu, kêdhaton.
dhacah: kn pating slêbar, warta ingêndi-êndi.
dhacin: (C) kn 1(ut. [x]-an) êngg. têkênan mawa gêrêt-gêrêt têngêran bobot dianggo nimbang; bobot abote ana 100 kati (± 61,761 kg); di-[x]: ditimbang (nganggo dhacin).
dhawah: I k: tiba. II ki. ak: pakon, clathu, tutur; kc. dhawuh.
dhawahan: êngg. k dhawuhan (bêndungan).
dhawak: êngg kn 1 dhewe; 2 ijèn.
dhawêt: kn ar. ombèn-ombên (santên karo juruh dicampuri tape lsp).
dhawuh: I kn. ak tiba; wayah (sa-) [x]: wayahe lèrèn ênggone mluku (± jam 9 esuk). II ki: clathu, tutur; [x] (-pangandika) dalêm ki: kandhane, kandhamu III ki: 1 pakon; 2 ak. panganyang; [x] (-timbalan) dalêm: pakon ut. prentah (dhêdhuwuran kang luhur); di-[x]-i ki: dikon, diprentahi; di-[x]-ake ki: 1 diprentahake; 2 ak. diênyang.
dhawuhan: êngg kn bêndungan.
dhawuk: kn 1 abang, irêng lsp. rada kêcampuran putih (tmr. ulêsing jaran); 2 (wis [x]) pc. wis tuwa bangêt.
dhawul-dhawul: kn madhul-madhul ora tata tmr. rambut.

dhawoh: êngg. kn: tiba; kc. dhawuh.
dhe: I pc badhe, up. [x] ora sida! II (ndhe) êngg. pc: kanca; kc. êndhe.
dhebat: (W) kn pêpadon arêbut bênêr (ana ing pakumpulan lsp); di-[x]: dipadoni; [x]- [x]-an: pêpadon arêbut bênêring panêmu.
dhèblèng: (-an) kn dhablang mêmburi rada nyongat munggah (tmr. sungu, sinthingan ikêt).
dhedhe: kn kêkaring ing panasan
(dhèdhèh): n-[x] êngg. kn 1 thênguk-thênguk, (têturon) ana ing njaban omah; 2 ndhudhah buntêlan lsp.
(dhèdhèk): di-[x]-i êngg. kn. diêsiri arêp diêpèk (diarah lsp); [x]-an: sing didhedheki.
dhèdhèl: êngg. kn. 1 ucul (udhar) dondomane; 2 thèthèl; di-[x]: 1(ut. di-[x]-i) didhadhali, 2 êngg. diudhari trm. dondoman; 3 dijabêl, dicabut (tmr. sawah gadhuhan); di-[x]-i: dicopoti sandhang panganggone; kc. dhadhal, thèthèl.
dhèdhèl-dhowèl: pc êntèk-êntèkan dhuwite (sandhang panganggone).
(dhèdhèr): di-[x]-(ake) kn. ak dibèbèr, diêgarake (tmr. swiwi lsp).
dhèdhès: kn ar. wêwangi sing asal saka klênjar rase; kc: dhidhis, kadhèdhèsan.
dhèdhèt: I di-[x]-i êngg kn dibêdholi (disêbroti) tmr. têtuwuhan rambat; [x] -an êngg: sulur (wit) ing têtuwuhan rambat (kacang lsp). II (gêtêr patêr) [x] erawati kw: (gêtêr ing prahara) gumlêgêr swaraning blêdhèg.
dhèg: I kn kamli. II kn: jogan, (gladhag) ing prau kapal; kc. dhèk.
(dhega): (ndhega) êngg. pc bêndhega.
(dhèglèg): n-[x] êngg. pc 1 linggih gulune ditungkulake memburi; 2 bodho bangêt; kc. dhêglag, jêglag.
dhèglèng: pc rada edan
dheglog: kn bêjog, pincang (sikile dhakwa).
dhegus: kn (wc. gêdhe bagus) gagah gêdhe dhuwur sarta bagus (tmr. pawakane wong lanang).
dhegol: kn mêndhokol athik-athikane (tangan, sikil).
(dhèh): [x]-ku, [x]-mu êngg ênggonku, ênggonmu (olèhku, olèhmu).
dhèh-dhèh: êngg. kn njaluk sêthithik
(dhèhèh): n-[x] pc njêhèh.
dhèhèm: kn saèm, watuk gawean (hrm, hrm, hrn!); di-[x]-i: disasmitani lsp. sarana dhèhèm.
dheyang-dheyang: kn ak sênêng-sênêng, mlaku-mlaku (anggur-angguran, dolan-dolan).
dheye: kn ar. walang saèm, walang wadung.
dhèyèk: (-dhèyèk) kn rada mbengkok sarta lara (tmr. gêgêr); 2 rêkasa bangêt (kelangan dhuwit akèh lsp).
dheyog: kn sikile dawa cêndhak.
dheyos: kn rêca, golek (Cina).
dheyot: kn kukul.
dhèk: I pc adhi (kanggo pangundang). II n kala k: nalika, ing nalika; [x] gawe (-ku, -mu, -ne) êngg: ing nalika aku (kowe, dhèwèke) dadi

pêngantèn. III pc: bêdhèk, badhe; [x]-ku: tak bêdhe, kiraku. IV (-e, -ku, mu) pc: dhuwek(e, -ku, mu). (V) di-[x]-i êngg. pc: didhèdhèki.
dhèk-e: êngg. pc 1 dhèwèke; 2 kowe.
(dhèkên): di-[x] (W) pc diadhangi, dialingi (balbalan lsp).
dhèk-ere: (-èri, -iya) êngg bok-mênawa iya.
--- 104 ---
dheklarasi ~ dhèsèl
dheklarasi: (W) kn wragading lêlungan (alih-alihan lsp) ing nalika nglakoni ayahan nêgara.
dhèkman, dhèknèh, dhèkneya: êngg. pc mêsthi bae.
dhèkne, dhèknèn(-e): êngg. pc 1 dhèwèke; 2 kowe (dhewe).
(dhekor): n-[x] êngg. kn linggih ngglungsar (tanpa lèmèk).
dhekor: (W) kn gambaran rêrekan ing tonil.
dhèkwur: kn êndhèk dhuwur (ora padha dhuwure).
(dhela): [x]-[x] êngg. pc kêrêp, bola-bali; kc. sadhela.
(dhèlèk): di-[x]-i êngg. kn didhèdhèki.
dhelik: kn gêdhe cilik (ora padha gêdhene).
dhelik: (g) (W) kn nêrak anggêring nêgara (kêsalahan) ana ing koran (tulisan) ut.paomongan (sêsorah); kêna [x]: disêrêg ing pulisi (nêgara) marga dhelik.
(dhèm): di-[x](-i) êngg. kn didhèp, didhèdhèki.
dhèmbèl: êngg. kn gèmbèl (tmr. rambut); kc. dhêmbèl, dhêmbêl.
dhèmèl: êngg. kn kêmpêl plikêt.
dhèmês: kn sarwa tata sarta luwês (tmr. solah bawa lsp).
dhemokrasi: (W) kn tatananing paprêntahan para kawula wênang cawe-cawe (mèlu ngrêmbug).
dhèmpèl: kn 1 gathuk tumèmpèl; 2 (mondhok [x]) êngg. ngindhung tèmpèl; kc. dhimpil, dhumpil.
dhèmpèt: kn 1 (barang loro ut. luwih) gathuk mèpèt arakêt; 2 tuwuh krakêt dadi siji (tmr. pring, gêdhang lsp); di-[x]-ake: dirakêtake supaya dhèmpèt.
dhèmpyèk-dhèmpyèk: êngg. pc dhampyak-dhampyak.
dhèmpyèng-dhèmpyèng: engg pc dhampyak-dhampyak; di-[x]-ake êngg. pc: digandhèng dadi siji, diblèngkètake.
(dhèmplèk): n-[x] êngg.pc nèmplèk, nèmpèl.
(dhèmpok): n-[x] êngg. kn linggih ndheprok; kc. dhepok.
(dhèmpol): n-[x] êngg. kn ngindhung; kc. dhèmpèl, dhumpil.
dhendhang: kn 1 ar. kewan bngs. kuwawung; 2 ar. racun.
dhendhang-dhendhung: êngg pc dheyang-dheyang.
dhèndhèk: êngg. kn dheyog, sikile lsp. dawa cêndhak.
dhèndhèng: kn 1 irisan iwak (daging) dibumboni sarta dipè (banjur digorèng ut. dibakar); 2 (ut. [x]-an) êngg. tumpukan lêmbaran godhong têmbako; maling [x] êngg. ks: nyidra asmara; di-[x]: 1 digawe dhèndhèng; 2 êngg. diêpe banjur diênggo manêh (tmr. sandhangan).
(dhènèh): [x]- [x], n-[x] kn (mlaku, linggih) dhadha lan wêtênge diungalake maju.

dhènok: kn 1 êngg. mlêmpung, abuh; 2 pc. lêmu mêmpuh-mêmpuh (tmr. bocah wadon); 3 êngg. panyêluk marang bocah wadon.
(dhèncèng): dhèdhèncèngan pc runtung-runtung, gêgandhengan.
(dhèng): di-[x] êngg. pc diblakake bae, ora ditutupi; kc. êdhèng.
dhenga: (ut. [x] piliha) êngg. kn sapa (apa) bae; kc. sadhengah.
(dhengah): kc sadhengah
dhengan: kn ar. manuk.
dhèngdhèng: êngg. kn dhèndhèng.
(dhèngèk): n-[x] pc ndhangak, njèngèk.
dhèngèn: êngg. kn ènthèng, gampang; kc. dhangan.
(dhèngèr): n-[x] kn. ak njêngèngèk.
(dhèngêr): êngg. pc 1 krungu; 2 wêruh.
dhèngkèl: kn lêlara ing sikil pêpês ut. kaku (ora bisa mlaku); [x]-ên: nandhang lara dhèngkèl.
dhèngkèl: êngg.pc lèngkèt, krakêt.
dhèngklang: êngg. kn pincang tmr. sapi lsp.
dhèngklèh-dhèngklèh: kn gumantung sêmplah-sêmplah (tmr. pang, sungu arêp copot lsp).
(dhèngklèk): n-[x] êngg. kn èngklèk.
(dhèngkok): n-[x] kn. ak linggih manglung (tumungkul).
(dhèngsèl): n-[x] êngg.kn akèh pating pêndhèsèl.
(dhèngsèr): n-[x] êngg. kn. ak mlorot; kc. lèngsèr.
dheos: kn kc. dheyos.
(dhèp): I di-[x] pc didhèdhèki dhisik. II di-[x] pc: diêndhêg (tmr. layang dhinês lsp).
dhepah: (ut. sê-[x]) kn cêndhèk kiyêng (tmr. pawakan).
(dhepara): n-[x] êngg. kn ndupara.
dhepartêmèn: (W) kn: bêbadan paprêntahan sing nindakake salah sawijining pakaryan ing praja.
dhepe-dhepe: kn ngêmpèk-êmpèk njêjaluk lsp.
(dhèpèl): [x]-[x], n-[x] kn 1 linggih tumèmpèl; 2 rumakêt marga duwe melik (arêp njêjaluk lsp).
dheplak-dhèplèk: êngg. pc dhèpèl-dhèpèl.
dhepo: kn1 gudhang patandhon; 2 papan panyimpênan (titipan) barang-barang ing sêtasiun; 3 omah dianggo nglumpukake kuli kontrakan.
dhepok: I (ut. pa-[x]-an) kw. omah ut. padununganing ajar (pandhita); dhêdhepok: dêdunung (gawe padhêpokan). II kn: tanpa sikilan tmr. gêlas, diyan lsp; n-[x], [x]-an ak: linggih ing lêmah (lesehan).
(dhepor) n-[x] êngg. pc. ndhekor.
(dheprok) n-[x] kn. linggih niba ngambruk saênggon-ênggon.
dhèr: I mak [x] kn. pêpindhan swaraning blêdèg, bêdhil lsp. II di-[x]-[x] êngg. kn: diudhal-udhal mrana-mrana.
dhere: kn. pitik mèh dadi babon; kc.dara.
(dhèrèk): I n-[x] 1(engg.k) ki.mèlu; 2 ki. nyarah; 3 êngg. ki. miturut; di-[x] (-ake) 1 ki. diiring (-ake), ditut (-ake); 2 êngg. kn. diturut, diênut; kc. sadhèrèk. II [x]-[x] êngg. kn: jèjèr-jèjèr lêlarikan

dhèrèkan: êngg. kn. kêmiri.
dhèsèl: engg. kn. watu gamping; n-[x] êngg: akèh pating pêndhèsèl.
--- 105 ---
Dhesèmbêr ~ dhêkong
Dhesèmbêr: kn. ar. sasi (Eropah) kang karolas.
dhesèntri; dhesêntre: (W) kn. lara mêjên (ngising gêtih umbêl).
dhèsi: pc. dhasi.
(dhèto): di-[x] êngg. kn. diturut digugu.
(dhècèh): di-[x] êngg. kn: kabèh diwêtokake nganti ngambruk-ambruk.
dhècol: kn. ak. gècol, pènjol.
(dhèthèng): n-[x] kn. (mlaku) ndêgèg dhadhane mungal pundhake kêncêng.
dhewe: n. piyambak k. 1 ijèn (tanpa rewang) up. kowe apa [x] bae; 2 kang pancèn mung dinarbè ing up. iki klambiku [x]; 3 dudu wong liyane, up. aku [x] sing salah, kowe [x] sing goroh; 4 mligi saka dayane dhewe (ora karana barang ut. jalaran liyane), up. obah [x], mlaku [x]; 5 (mung ... dhewe) mligi mung, ngêmungake, up. mung kowe [x] sing ora sowan; 6 êngg. pc. awaku, aku; 7 wis ora ana kang ngungkuli (ngluwihi) kaanane up. iki sing gêdhe [x], n-[x] n. miyambak k: ngijèn, ora tunggal karo liya-liyane, mênjila; di-dhèwèni êngg: didhèwèki; kc. dhèwèk.
dhèwèk: êngg. dhewe; n-[x]-i n.miyambaki k: ngijèn (ora ana tunggale) nylênèh; di-[x]-i n. dipunpiyambaki k: ditandhangi (digarap diêpèk) dhewe; di-[x]-([x])ake n. dipunpiyambak (-piyambak)akên k: dipisah karo panunggalane (dipilah-pilah).
dhèwèkan: b. piyambakan k 1 mung ijèn; 2 (ut. dhêdhèwèkan) ijèn-ijèn, dhewe-dhewe; 3 rêrêmbugan (omong-omongan) dhewe.
dhèwèke: n. piyambakipun k. 1 sêsulihe wong kang dicritakake (pratama-purusa); 2 êngg. pc. kowe.
dhèwèkne, dhèwèknèn: êngg. n. dhèwèke.
dhewutan: kn ar. sukêt.
dhewot-dhewot: êngg. pc akèh rambute dhiwut-dhiwut.
dhêbat: (W) kn pêpadon; kc. dhebat.
dhêdhak: kn lêmbutan kulit pari (kang ditutu); sa-[x] mêrange pr: bale pomahan lan saisine kabèh.
dhêdhali: kn. ak sriti.
dhêdhêg: I êngg. kn kêbak bangêt, jêjêl riyêl; n-[x] ak dhepe-dhepe, rumakêt marga duwe pangarah. II kn: bngs. palu dianggo nglaras gamêlan lsp; di-[x]-(i): dithuthuki nganggo dhêdhêg, palu lsp.
dhêdhêk: êngg. kn dhêdhak.
dhêdhêl: kn 1 bêbêl, ora gampang miline (mêtune) ing bolongan; 2 ([x] atine) ora gathekan.
(dhêdhêm): ma-[x] jk nyuwara klêrêg-klêrêg.
dhêdhêp: I 1 ([x] nyênyêt, [x] tidhêm) kw nyênyêt tanpa swara apa-apa; 2 ([x] sirêp) kw. sirêp, sarèh. II n-[x] kn: (ndhêlik) dingkik; di-[x]-i: didingkik.
(dhêdhêpa): n-[x] kw ngrêrêpa njaluk ngasih-asih.

(dhêdhêr): di-[x] kn 1 ditandur yèn wis rada gêdhe diêlih (tmr. wiji), diurit; 2 ks. dipêndhêm (dikubur); [x]-an: 1 wiji kang didhêdhêr; 2 (pan-[x]-an) pawinihan.
(dhêdhês): di-[x] (-[x]) kn 1 ak. didhêsêk, didhêsuk; ditakon-takoni supaya gêlêma mblakakake.
(dhêdhêt): I n-[x] kn kandêl sarta pêtêng (tmr. mêndhung); pêtêng n-[x]: pêtêng bangêt; di-[x] (-i): diidak-idak supaya madhêt. II di-[x]-(i) kn: disêndhal-sêndhal lirih (talining pansing lsp).
dhêg: I sadina [x] n. sadintên [x] k sadina muput. II mak [x] pc: 1 nratab (kuwatir); 2 sanalika, dadakan dadi lsp; kc.dhêg-dhêgan. III (ndhêg) pc: mandhêg! di-ndhêg (-ake) pc: diêndhêg (-ake); kc.andhêg, êndhêg.
dhêg-dhêgan: kn kêkêtêging jantung obah dening kagèt, uwas, sumêlang lsp.
dhêgèl: dhêgil êngg. kn kaku mêndhêkêl.
dhêgêl: êngg. kn pêgêl atine, mangkêl; kc. bêdhêgêl.
(dhêglag): n-[x] kn ndhangak gêgêre sêmu mêmburi; kc. jêglag.
dhêglag-dhêglèg: kn jêglag-jêglèg.
dhêglag-dhêglug: kn 1 mlaku dheglog; 2 êngg. dhêklak-dhêkluk (ngantuk).
dhêglêg: pc gêblêg, bodho bangêt, gêndhêng.
dhêglêng: pc dhegleg, dhèglèng.
(dhêgling): n-[x] kn (sikil) sêmu nêkuk dhêngkule maju; di-[x]: disodhok lêngêne (saburining sikut) ut. sikile (saburine dhêngkul) supaya nêkuk; kc: dhêngkling.
dhêglo: kn dhêglêg, dhêglêng.
dhêgol: kn dhegol.
dhêgrès: êngg. pc gêndhêng.
(dhêgrus, dhêgros): n-[x] êngg. pc njêgos, njêgogros.
dhêkah: êngg. kn dhukuh.
(dhêkakak): n-[x] êngg. kn ndhêngangak, nglongok.
dhêkêh: êngg. k dhukuh.
dhêkêk: kn gulune cêndhak pundhake mungal.
(dhêkêkêl): n-[x] êngg. kn awake kabèh dijêngkêrutake marga adhêm bangêt.
(dhêkêm): n-[x] kn njêrum (tmr. pitik lsp), linggih ngrungkuk; di-[x]-i: didhêlikake (dialingi lsp) sarana ndhêkêm.
dhêkêman: 1 (ut. dhêkêm) êngg. kn. bronjong (kranjangan) diisèni watu dianggo mbêndung kali, tanggul lsp; 2 êngg. k. kêdhêle.
(dhêkêr): n-[x] pc. ks linggih nyêkukruk, turu.
(dhêkês): n-[x] êngg. pc linggih mèpèt; kc. kêdhêkês.
dhêkêt: kn. ak rêngkêt, rapêt; kc. dhêngkêt.
dhêkik: kn lêgok sêthithik, lêkik.
(dhêkis): n-[x] êngg. kn ndhêlik.
dhêklak-dhêkluk: kn rêrenggotan (ngantuk).
dhêklarasi: kn kc. dheklarasi.
(dhêku): n-[x] kn linggih tumungkul (urmat bangêt)

(dhêkukul): n-[x] kn ndhêngkluk tumungkul.
dhêkok: kn 1 lêgok; 2 nggêrong tmr. mata; n-[x] ks: turu; di-[x]: 1 dilêgok; 2 êngg. dilêrêmake sadhela supaya kênthêl (tmr. wedang tèh); [x]-an: 1 lêgokan; 2 êngg. wedang sing didhêkok.
dhêkong: êngg. kn dhêkok.

(dhêkos): (W. in de kost) di-[x]-ake kn dipondhokake (sarta numpang mangan).
dhêl: kn 1 katêrangane tali lsp. pêdhot; 2 pêpindhan swaraning bêdhil; 3 sanalika, dadakan têtuku lsp.
(dhêlak): n-[x] kn 1 ndhêngangak sarta mlongo (marga ngêlak); 2 ngangah-angah, kêpengin bangêt; di-[x] êngg: 1 didêlêng; 2 ks. dicolong.
dhêle: pc kêdhêle.
dhêlêg-dhêlêg: kn lêgêg-lêgêg (lêngêr-lêngêr) dening sêdih lsp.
(dhêlêlêg): n-[x] kn ora sigrak, tansah dhêlêg-dhêlêg.
(dhêlês): n-[x] êngg. kn ngglêlês, lunga dhêdhêmitan.
(dhêlik): n-[x] kn umpêtan, singidan; di-[x]-ake: diumpêtake, disingidake; [x]-an: jelungan; 2 climèn (dhêdhêmitan supaya ora kawêruhan) 3 (ut. pan-[x]-an) papan sing dianggo ndhêlik.
(dhêluk): n-[x] êngg ndhungkluk tumungkul.
dhêlog: êngg. kn kuwali
dhêlog-dhêlog: kn (linggih ijèn) dhêlêg-dhêlêg.
dhêm, mambu: [x] kn wis ora angêt (kasèp) tmr. panganan lsp; di-[x]-ake pc: diadhêmake; kc. adhêm, êdhêm.
dhêmbèl, dhêmbêl: kn kêmpêl krakêt (plikêt) tmr. rambut, lsp.
dhêmle, dhêmblèk: êngg. pc 1 krakêt, kêmpêl krakêt; 2 ar. mainan.
dhêmèl, dhêmêl: êngg. kn têlês akrakêt (ngyiyit lsp).
dhêmêk-dhêmêk: êngg. kn mlaku alon ciyut jangkahe.
dhêmên: n. rêmên k 1 sênêng sarta asih (tmr. wong lanang marang wong wadon utawa kosok baline); 2 duwe kasênêngan bab ... kanthi sênêng (ênggone nindakake), up. [x] ngabotohan; di-[x]-i: disênêngi sarta disihi; 2 dibedhang; 3 disênêngi bangêt; [x]-an: kang didhêmêni; 2 bedhangan.
dhêmên-nyar: n. rêmên-nyar k (dhêmêne mung yèn isih anyar) jêlehan.
dhêmit: kn 1 ak. lêmbut, cilik; 2 (ut [x]-an, dhêdhêmitan) kalawan wadi, ora blak-blakan; 3 (ut. dhêdhêmit) lêlêmbut (roh sing dêdunung ana ing papan sing angkêr, wit lsp).
dhêmpèl: êngg. kn wong sing mitulungi nggêgarap pagawean; 2 (kantor, toko lsp) cabang; kc. dhèmpèl.
(dhêmpèng): n-[x] kn ndhamping.
dhêmpès: pc kêmpès.
dhêmpêl: I kn 1 kêmpêl arakêt; 2 pc. rakêt bangêt ênggone sêduluran (mêmitran); lênga [x] êngg. lêngan jarak. II kn: 1 lawanganing cêndhela; 2 kayu ugêr-ugêring lawang (cêndhela).

(dhêmpil): n-[x] êngg. pc ndhèmpèl, ndhumpil.
(dhêmping): n-[x] pc ndhamping.
(dhêmpit): n-[x] êngg. kn linggih ndhêmpis.
dhêmplo-dhêmplo: êngg. kn lêmu ginuk-ginuk.
dhêmpul: kn gamping dijuri lênga jarak lsp. dianggo ngrapêtake kayu lsp; di-[x]-(i): dirapêtake lsp. nganggo dhêmpul.
dhêmpo: kn lêmah (lêmpung) dikêpêl-kêpêl diwangun kaya bal; bandhêmpo.
dhêmpok: kn cêndhak nanging amba (tmr. irung, praèn).
dêmraga: êngg. kn dalan gêdhe; kc. dhêrmaga, dhamarga.
dhêndha: I kw pênthung, gada. II (ut. dhêndhan) kn: 1 dhuwit kang dipupu ing nagara alantaran pangadilan minangka paukuman ênggone nêrak anggêr-anggêr; 2 dhuwit kang kudu dibayar minangka paukumane ênggone nêrak pêpacuh (pc. ing sêpur lsp); dhêndhaning dosa: panggawe bêcik (sêmbahyang lsp) minangka pêpulih ênggone nglakoni dosa; di-[x]: dikênakake dhêndha. III kn: ar. golonganing têmbang gêdhe. dene jênênge: dhêndhajiwa, dhêndhabaswara, dhêndhapralêbda, dhêndha ulapsimparan, dhêndhaprangwara, dhêndhapratandha.
dhêndhêm: kn. ak êndhêm-êndhêman.
(dhêndhêng): n-[x] kn 1 êngg. ngêndhêng (katon dawa tmr. mega, mêndhung, wong akèh); 2 bêbarêngan akèh bangêt; 3 êngg. suwe bangêt sarta mbanjur bae (ora lèrèn-lèrèn); 4 êngg. ora gampang diêrèh (dielikake, dituturi, diundang lsp).
(dhêndhês): n-[x] pc 1 gêmlontor; 2 êngg. enak (mirasa, bêcik) bangêt.
(dhêndhi): n-[x] pc tansah ngglêjêg bae.
dhêndhongan: êngg. pc ura-ura tanpa têtêmbungan.
dhêng: pc pêpindhan swaraning bêdhug lsp; sadina [x] êngg.: sadina dhêg (muput).
(dhêngak): n-[x] pc ndhangak; di-[x]-ake: 1 dijongkèng êndhase; 2 pc. dicungulake (kasalahaning liyan).
dhêngal-dhêngil: pc.bola-bali mênthungul.
(dhêngal): n-[x] kn ngadêg mêthungul (njêngat).
(dhêngat, dhêngit): n-[x] pc njêngat.
(dhêngèk): n-[x] pc ndhêngak, njèngkèk.
(dhêngèl): n-[x] pc ndhêngal.
(dhêngèngèk): n-[x] pc ndhêngèngèk, njêngèngèk.
dhêngên: kn. ak ar lêlêmbut kang nganakake lêlara; [x] balung: saèm. lara encok nganggo ndhrodhog; [x] panas: lara panas nganggo kêjêng.
dhêngêr: êngg. pc 1 krungu; 2 wêruh.
dhênggar: êngg. pc njênggar.
dhêngglêng, dhêngglong: pc gêndhêng, bodho bangêt.
dhênggul: kn. ak jêjênggul.
dhênggung: kn 1 ak. jêjênggul, kang dadi pangarêp; 2 watu (pangarêp) kang dilembat-lembat ing dolanan gulaganthi; kêtiban [x]: 1 kêpênêr tampa dhênggung (ing dolanan gulaganthi); 2 pc. tampa giliran, didakwa, diunyêri.

dhênggungan: êngg. kn ora ajêg, ngot-ngotan.
(dhênggruk): n-[x] êngg. kn njênggruk.
(dhêngil): n-[x] pc ndhêngèl (tmr. barang cilik).
dêngis: mak [x] pc dumadakan mêncungul.
(dhêngit): n-[x] pc njêngit.
dhêngkak: I kn 1 gulune cêndhak dhadhane
--- 107 ---
mungal (bucu ingarêp); 2 êngg. ks. wis tuwa (ora kanggo ing gawe). II êngg. kn: 1 budhêg; 2 ora cumêngkling tmr. swaraning dhuwit, gamêlan lsp.
(dhêngkèk) ~ dhil
(dhêngkèk): n-[x] kn. ak dhadhane kêladuk mungal.
dhêngkèt: êngg. pc gathuk arakêt, krakêt.
dhêngkêk: êngg. kn budhêg.
dhêngkêt: êngg. pc gathuk arakêt, krakêt.
(dhêngklak): n-[x] êngg. kn mbêngkuk mêmburi tmr. gêgêr; tuwa [x] êngg. ks: tuwa bangêt; ke-[x]: kêtêkuk gêgêre.
dhêngklak-dhêngklik: kn bisa nywara klak-klik (nêkuk-nêkuk) tmr. athik-athikan (marga kuru lsp).
dhêngklak-dhêngkluk: pc ndhingklak-ndhingkluk.
(dhêngklang): n-[x] kn mlêngkung sikute mlêbu (tmr. tangan).
dhêngklèh-dhêngklèh: kn dhèngklèh-dhèngklèh.
dhêngklik-dhêngklik: kn dhêngklak-dhêngklik.
dhêngkling: kn pincang; n-[x] êngg. ndhêngklang; di-[x] êngg. didhêgling sikile.
(dhêngkluk): n-[x] pc ndhingkluk.
(dhêngklok): n-[x] pc ndhingkluk.
dhêngklong: êngg. kn pincang, dhêngkling.
dhêngkul: kn. jêngku ki ros-rosaning sikil antarane pupu karo kempol (kang kaprênah ngarêp); atine landhêp [x] ks: kêthul bangêt (bodho); ngikêt-ikêti (nasabi, ngopyahi) [x] pr: mikolèhake sanak sadulure (mitrane); kêndhangan [x] pc: mung kari sênêng-sênêng (ngenak-enak); [x] ikêt-ikêtan ks: wong sing pancèn ora cakêp didadèkake priyayi (mung marga kêcêdhak karo dhêdhuwuran); 2 tanpa guna, sêpele; di-[x]: disodhok ing dhêngkul.
dhênglêng: pc dhêglêng, dhêngglêng.
(dhêp): di-[x] (-i, -ake) pc diadhêp(-i, -ake).
dhêpa: kn sadawaning tangan kajêpapangake (± 1.70 m); didhêpani: diukur nganggo dhêpa; (njêbabah) ndhêpani bumi (lêmah, bantala, pratala) br: (njêbabah) mêngkurêb tangane njêpapang.
(dhêpaplang): n-[x] êngg. pc njêpapang.
dhêp-dhêpan: pc apa-apa kang diadhêp.
(dhêpèpèl): n-[x] kn linggih tumèmpèl.
(dhêpèpès): n-[x] pc linggih ndhêpès.
dhêpès: kn pèsèk (tmr. irung); n-[x]: linggih mèpèt sêmu ndhêlik.
(dhêpis): n-[x] kn ndhêpès.
(dhêplok): di-[x] kn dilêmbutake sarana digêcêk ing gandhik (alu).

dhêpus, dhêbus: êngg. pc (lênga [x]) lênga patra.
(dhêpok): di-[x] êngg. kn digêpok.
(dhêrak): n-[x] êngg. kn padha nggrombol akèh bangêt (saèm, jirap).
(dhêrdhêg): n-[x] pc ndhrêdhêg.
(dhêrêk): n-[x] êngg. kn ndhêrak.
dhêrik: êngg. kn ara-ara ing pagunungan.
(dhêrum): n-[x] êngg. kn njêrum.
(dhêrok): n-[x] êngg. pc linggih mbêgogok (ora tumandhang apa-apa).
(dhêsak): n-[x] êngg. kn ndhêsêk.
dhêsak-dhêsok: êngg. pc padha pesok (dhêkok).
(dhêsêk): di-[x] kn diêsuk, diêsur; di-[x]-ake: disodhokake maju; kc. dhosok.
(dhêsêl): n-[x] kn mlêbu ngêsuk (nlusup); kc. drêsêl.
(dhêsuk): di-[x] pc didhêsêk, disuk.
dhêsok: êngg. kn pesok, dhêkok, lêgok.
dhêstrik: pc dhistrik.
dhêstha: kn. ak ar. mangsa kang kaping sawêlas (19 April-12 Mei).
dhêsthar: ki ikêt.
dhêsthi: kw 1 ak. piala; 2 (ut. guna [x]) sarat-sarat kanggo nggunani (ngguna-gawe).
dhêt: kn 1 obahing kêkêtêg; 2 (mak-[x]) katêranganing ndhêdhêt (narik); di-[x] (-[x]) pc: didhêdhêt.
dhi: pc adhi (kanggo panyêluk).
dhi-ajêng: pc adhi-ajêng (panyêluk marang adhi wadon tmr. para luhur).
dhidhal: kn nglinyam (sèsèt) kulite.
dhidhèh, dhidhih: êngg. kn sarèn (gêtih kewan bêlèhan).
dhidhik: I sa-[x] kw. ak sêthithik. II di-[x] (M) kn: 1 digula-wênthah; 2 pc. dimêmanuh, dikulinakake.
dhidhil: wis [x] pc wis kalong, wis suda (utange).
dhidhis: kn linggih karo nlusur rambut (wulu, kathok lsp) digolèki tumane; di-[x]: diltusur-tlusur digolèki tumane.
dhidhong: (Walanda [x]) kn. ak wong Jêrman.
dhigul: di-[x]-ake pc dibuwang mênyang ing Dhigul (Papuwah).
dhihik, dhihin: kn. ak 1 biyèn; 2 dhisik; kc. dhingin.
dhiyêm: êngg. pc mênêng.
dhik: I êngg. pc adhik; kc. dhi; dhèk. II (ut. [x]-an, [x]-e) pc. satêmêne, nyata têmênan (kanggo mbangêtake), up. ora [x], iya [x]; kc. dhing. III (ndhik) êngg. pc: ing. IV (S) kw: têmbung pamisuh mratelakake ora sênêng. V [x]-e, [x]-ku, [x]-mu êngg. pc: dhuwèk (-e, -ku, mu); kc. dhèk.
dhikara: (S) kw. ak panyampah, pisrêngên.
dhik-e, dhikne: êngg. pc dhèwèke.
(dhikêp): di-[x] êngg.kn didhêkêp.
(dhikêr): n-[x] êngg. kn mantêp bangêt.
dhikih: kn. ak: cilik (tmr. wit wowohan), kb. dhakah.
dhikik, dhikin: êngg. n dhisik.

dhikir: (A) kn: sêmbahyang sarana ngucapake sahadat (nyêbut asmaning Alllah lsp) mawali-wali (nganggo diwilangi ing têsbèh); di-[x]-ake: disêmbahyangake sarana dhikir; [x]-an: padha dhikir bêbarêngan (nyêmbahyangake wong mati lsp).
dhikut: êngg. kn ribut ênggone tumandang ing gawe, rikat sêmu kêsusu (ênggone mlaku).
dhiktat: (W) kn layang cathêtaning piwulang.
dhiktator: (W) kn wong kang nyêkêl paprentahan (praja) kang kuwasane sasat tanpa watês.
dhikte: (W) kn piwulang nglêlantih nulis kang bênêr sarana nulis apa sing diucapake ing guru; di-[x]: dikon nulis kaya apa sing diucapake.
dhil: I kn katêranganing apa-apa sing dicopot.
--- 108 ---
II (W) kn: perangane (crita ing gambar sorot, jilidan buku). III (ndhil) êngg. kn: bribil (1/2 sèn).
dhilêng ~ (dhudhuh)
dhilêng: êngg kn cacad matane.
dhilman: (W) êngg. kn kreta arodha loro, dhokar.
(dhiluk): n-[x] êngg. pc ndhingkluk, tumungkul.
dhimas: wc adhimas (panyêbut marang adhi).
dhimik, dhimin: êngg. n dhisik.
dhimik-dhimik: kn mlaku jangkahe ciyut.
dhimpil: kn 1 sênthongan ing èmpèr; 2 êngg. siwil; n-[x] êngg: ndhèmpèl, dhumpil.
dhin: êngg. pc 1 kawajiban nindakake pagawean; 2 pagawean sing wajib ditindakake; 3 giliran nindakake pagawean (tungguk lsp); kc. dhine, dhinês, dhis.
(dhindhal): di-[x] êngg. kn (omahe, panggone lsp) diêdol marga kêkurangan dhuwit ut. dianggo nyaur utang kc. didhal.
dhindhing: êngg. kn aling-aling, gêdhèg, wrana.
dhine: I êngg. pc dhinêse, pancène; kc. dhin. II (W) kn: (pista) mangan ing wayah sore.
dhinês: (W) kn 1 kang gêgayutan karo pakaryan nêgara, up. layang [x]; suwene ênggone ngawula marang nêgara (maskape lsp), wis [x] 6 taun; 3 miturut pranatan sing didhawuhake, up. ngaggo sandhangan [x]; 4 nindakake apa-apa nêtêpi kawajibane (atas dhawuhing nêgara); 5 kagungane nêgara, up. sêkolahan [x]; 6 êngg. pc. pêrlu, wigati, ora sêmbranan; dhinêse êngg. pc. pancène, yèn miturut pranatane.
dhing: I pc sing. II pc: 1 satêmêne, nyata yèn, up. iya [x], ora [x]; 2 kanggo ngantêpake surasane wêwadul lsp, up. gilo [x] Siman nakal!
dhinga: kc dhènga.
dhingan: êngg. kn jêrnèh.
dhingdhing: êngg. kn dhindhing.
dhingik, dhingin: êngg.n dhisik.
dhingkal-dhingkul: kn bola-bali tumungkul (ndhingkul).

dhingkêl: I kn watu (bata lsp) ditata nggronggong dianggo kêrên; n-[x] pc. ndhuwêl ana ing omah bae. II kn: ar. lêlaraning pitik (sanalika kaku banjur mati).
dhingklang: êngg. kn mlaku pincang; pc. kêdhingklangan.
dhingklik: kn blablag pêsagi nganggo sikilan (piranti linggih).
(ndhingkluk): n-[x] kn tumungkul ndhungkluk.
dhingkul: I êngg. kn 1 lara kaku; 2 dhingkêl (laraning pitik). II n-[x] êngg. kn: ndhingkluk.
(dhingkruk): n-[x] êngg kn ndhingkluk.
(dhingkrung): n-[x] êngg. kn 1 ndhingkluk; 2 njingkrung.
dhipan: (W) kn bngs kanthil (dianggo turu lsp).
dhipêt: êngg. kn rapêt bangêt, mêrêm rapêt.
dhipik, dhipin, dhipit: êngg. pc dhisik.
dhiplikat: (W) kn layang rangkêpan (turunan).
dhiploma:(-h) (W) kn layang pratandha (tamat sêkolah lsp).
dhipo: pc dhepo.
dhir: êngg. kn kênèkêr; [x]-[x]-an: dolanan kênèkêran.
dhirèksi: (W) kn pagawean lsp kang gêgayutan karo kawajibaning dhirèktur.
dhirèktur: (W) kn kêpala (pangrèh)ing pamulangan, dhepartêmèn lsp.
dhiri: I kn angkuh, suthik kasoran karo sapêpadhane. II [x] pribadi kw: awake dhewe; man-[x]: ngadêg, madêg.
dhis: kn dadi saradhadhu, up. mlêbu [x], amèk [x]; 2 dhinês (suwene ênggone ngawula, kontrak lsp); 3 (ut. wis [x], êntèk [x]-e) wis rampung (êntèk) wangênane ênggone kudu nyambut-gawe (kontrak, dikunjara lsp); [x]-e êngg. pc: pancènane; kc. dhin, dhinês.
dhisik: n. rumiyin k 1 (ditandangi, digarap, dilakoni lsp) ngluwihi tinimbang liyane, up. lèrèn [x] bae, mênyang [x]; 2 (ut. [x]-e) kawitane, wiwitan; 3 êngg. biyèn; di-[x]-i: 1 dilancangi; 2 wis dilakoni (ditandangi lsp) dhisik; di-[x]-ake: dikon mlaku (dikirimake, ditindakake, digarap) dhisik.
dhisin: êngg. kn jisim.
dhisit: êngg. n dhisik.
dhistrik: (ut. ka-[x]-an) (W) kn 1 wêwêngkon kang diêrèh ing wêdana; 2 omahe wêdana.
dhit: pc dhuwit.
Dhit, Dhitslan: kn Jerman.
dhito: (W) êngg. kn padha, kaya kang kasêbut.
(dhithing): n-[x] pc ndhèthèng.
dhiwut: (ut. [x]- [x]) kn mawa rambut (wulu) pating jêbrig.
dhuble: (W) kn dhoble.
dhudha: kn wong (lanang) sing wis ora duwe bojo.
dhudha bangsong: kn. ak dhudha wis tuwa mlarat tur sugih anak.
dhudha bantat: kn bngs. jingklong.
dhudha bocah: n. dhudha lare k. ak jêjaka sing ditinggal mati pacangane.

(dhudhah): di-[x] kn 1 dibukak sarta dijupuki isine (tmr. buntêlan, pêthi lsp); 2 dijupuki diwêtokake (tmr. suwakan, simpênan, kuburan lsp).
dhudhak: kn ula bêdhudhak.
dhudha kalung: kn. ak dhudha sing wis duwe anak wadon sing bisa ngingoni.
dhudha kawuk: ks dhudha wis tuwa.
dhudha kêmbang: kn dhudha kang isih ênom (durung duwe anak).
dhudhan: cangkir [x] kn cangkir sing wis ora ana lèpèke.
dhudha ngasag, dhudha wangkot: kn ar. pari.
(dhudhat, dhudhèt): di-[x] êngg. kn disuwèk (diudhèt-udhèt) diwêtokake isine.
dhudha calak: kn. ak wong lanang sing purik.
(dhudhuh): di-[x] êngg. kn dirombak (tmr. damèn-damèn lsp. ing sawah) arêp diganti ditanduri pala-wija.
--- 109 ---
dhudhuk ~ (dhungsak)
dhudhuk: I di-[x] kn 1 dikêdhuk (tmr. lêmah); 2 dikêdhuki didhudhah isine; 3 ent. nyungulake prakara sing wis lawas (wis lali); [x]-an: apa-apa sing didhudhuk, olèh-olèhane ndhudhuk, jugangan. II êngg. pc: [x] prèi pc: pacangan nanging wis kaya bêbojoan (tmr. bngs Eropah); wis [x] bojo pc: wis bêbojoan kalawan absah; [x]-e pêrkara pc: lungguhe prakara; angin [x] pc: mangsuk angin sing nganti suwe; lampu (diyan) [x]: diyan sing nganggo sikilan.
dhudhuk lumpur: kn. ak dhuwit saka wong cilik (ing padesan) minangka gêgêntining pakaryan aradan.
(dhudhul): n-[x] êngg. kn ndlêdêg, mbrubul.
dhudhut: jk padha cuwil-cuwil.
dhug: mak [x] kn pêpindhan swaraning meja kêthuthuk lsp.
dhugal: I kn ar. lêlara ing wêtêng mbanggal atos. II n-[x] kn: kurang ajar, ugal-ugalan.
dhugdhag: kn. ak dhugdhèng.
dhugdhèng: kn (wong [x]) wong kang kêdhot (patohan).
(dhugdhug): di-[x]-ake pc digêdhug-gêdhugake.
dhugêl: êngg. kn bugêl.
dhugulan: êngg. pc ora mênganggo; kc. bêdhugul.
dhuh: kn 1 têmbung sabawa nelakake lara, ngêsah, sêdhih lsp; 2 br. sabawa kanggo srana amrih nggatèkake.
dhuhak: jk suwèk, bêdhah.
dhuhun: jk 1 dhisik; 2 biyèn.
dhuhung: jk kêris; kc. dhuwung.
dhuhur: kw dhuwur, luhur.
dhuyung: kn bngs. iwak lodan; lênga [x]: lênga asal saka gajihe iwak dhuyung (dianggo nggunani wong, mèrêk lsp).
dhuk: I di-[x] êngg. pc didhudhuk, dikêdhuk. II di-[x]-ake pc: diudhunake. III (ndhuk) pc: gêndhuk.
dhukan: jk sêlir, gundhik.

(dhudhuk): di-ndhudhuki pc diêndhuk-êndhuki.
(dhukil, dhukir): di-[x] êngg. kn: didhungkar, didhongkèl.
dhuku: kn ar. wit sarta wohe (bngs. pijêtan).
dhukuh: I n. dhêkah k desa cilik (kêbawah ing kalurahan desa liyane); dhêdhukuh: gawe dhukuh (desa anyar). II êngg. kn: dhuku.
dhukuhan: êngg. kn pakarangan kang ditanduri witwitan (dipurih wohe).
dhukun: kn 1 wong kang gawene nênambani (mêthèk lêlakon lsp); 2 ([x] bayi) wong wadon sing ngupa-kara wong duwe anak; 3 [x] pijêt) tukang mijêti (ngurut lsp); kaya [x] kurang tindhih: grayahan; di-[x]-i: ditambani (diupakara) ing dhukun; di-[x]-ake: ditambakake (dijalukake sarat lsp) marang dhukun; kc. mêdhukun.
dhukur: êngg. kn dhuwur, luhur; kc. ngêndhukur.
dhukut: êngg. k sukêt.
dhukut kruwut: kn. ak sakèhing têtanduran sing ana ing pakarangan.
dhul: I pc: swaraning bêndhe lsp. II (W) pc: 1 gul (ing bal-balan); 2 tujuan, maksud.
dhulang: kn bngs. lèngsèr kang digawe kayu kawangun bundêr; sangga [x]: wanguning sungu kêbo (pucuke njongat munggah).
dhuma: (S) kw.ak kukus, kêbul.
dhumatêng: br marang, mênyang, kc. dhatêng.
dhumbul: êngg. kn dhumpyuk, jumbuh.
dhumil: sa-[x] pc sathitik bangêt.
(dhumpak): di-[x] êngg. kn didhupak.
dhumpal: kn têngkêran kayu, dilêgok ing têngahe dianggo sanggan kor'an ut. dianggo bantal.
(dhumpil): n-[x] êngg. kn ngindhung, nunut mondhok; ndhêdhumpil, [x]-an: manggon (linggih) sêk-sêkan dening ciyut bangêt papane.
dhumpyuk: kn gêbyug padha rupane (karêpe, pamilihe) dhompo (kêpindhon ênggone ngetung lsp).
(dhun): di-[x]-i (-ake) pc diudhuni (-ake); kc. dhundhunan, udhun.
dhunak: êngg. kn bngs. tenggok gêdhe wangune pêsagi.
dhundhunan: kn 1 dalan kang dianggo mêdhun; 2 barang-barang kang diudhunake; kc. udhun.
dhundhung: kn lêsung kang katabuh dhung (tmr. kothèkan); 2 larasaning kêndhang kang nywara dhung.
dhung: I pc pêpindhan swaraning kêndhang lsp. II êngg. durung.
dhungdhungprong: pc swaraning kothèkan.
dhungkah: kn. ak ngrantang, pating plêkah, bêngkah-bêngkah.
dhungkar: kn. ak sol, rungkad; di-[x]-(i): ditêgor sarta dikêdhuki oyode (dhangkèle).
(dhungkèl): di-[x] êngg. kn disongkèl, didhongkèl.
(dhungkil): di-[x] êngg. kn disongkèl, didhongkèl.
(dhungkir): di-[x] (-i) êngg. kn didhungkar (-i).
dhungklak: êngg. kn 1 tunggakan pring (têbu têmbako lsp); 2 bongkok (papah krambil lsp); [x]-an: 1 têgal (sawah) kang isih akèh dhongklake (mêntas ditanduri têmbako ut. têbu); 2 dhuwit saka kabudidayan

marang wong desa minangka pituwas dene palêmahane isih akèh dhungklake; kc. dhongklak.
dhungklèh: kn. ak sèngklèh tmr. pang lsp.
(dhungkluk): n-[x] êngg. kn ndhingkluk, tumungkul.
dhungkul: kn mlêngkung mêngisor mèpèt êndhas (tmr. sungu).
(dhungkrah): di-[x] êngg. kn didhudhah lan diabul-abul.
(dhungkruk): n-[x] êngg. kn 1 ndhungkluk, ndhingkluk; 2 ngrungkuk.
(dhungu): n-[x] êngg krungu.
(dhungsak): n-[x] êngg. kn nasak, nlasak.
--- 110 ---
(dhungsal) ~ dhokdhokan
(dhungsal): n-[x] êngg. kn ngasag pala kêpêndhêm ing têgal.
(dhungsang): ke-[x]- [x]-an kn tansah nandhang sangsara.
(dhungsil): di-[x]-i êngg. kn didhungsiri.
(dhungsir): di-[x]-i kn dikêruki (ing cèlèng lsp).
(dhupak): di-[x] kn dijêjak (lmr. karo linggih ut. têturon).
dhuplak: kn 1 piranti dianggo nocoh kinang; 2 êngg. lumpang, clowokan (lumpang) ing lêsung.
dhur: (W) pc 1 (sêpur-[x]) sêpur têrusan tanpa mandhêg; 2 têrus, banjur bae, mbandhang.
dhurit: êngg. kn bngs. arit.
dhurlup: (W) kn èmpèr dawa, omah dawa minangka gandhengane omah siji lan sijine.
dhurlopên: (W) pc tamat pasinaone.
dhus: (W) kn wadhah kothakan kang digawe dluwang kandêl.
(dhusir): di-[x] êngg. kn didhungsir.
dhusun: k desa.
dhustha: (S) kw piala, kajuligan; di-[x]: dicolong, diinggatake.
dhusthi: (S) kw. ak kc. dhustha.
dhucung: rêbut [x] n. rêbat [x] k (padha mlayu) rêbut dhisik.
dhuwak: kw suwèk, bêdhah.
dhuwèl: I pc kc. dhèdhèl-dhuwèl. II (W) kn: kêrêngan padha ijèn (kêstul-kêstulan ut. pêdhang-pêdhangan).
dhuwêl: kn ar. ula cilik (mandi); n-[x]: (ngringkêl kaya ula dhuwêl) ora lunga-lunga saka ingomah.
dhuwêt: kn ar. wit sarta wohe.
dhuwik: êngg. pc dhuwit.
dhuwit: 1 kn. 1/10 wang; n. yatra k. sarananing urup-urupan kang diwujudi ing cithakan têmbaga, slaka lsp; n-[x] pc: mbayar; ora n-[x] pc: lêlahanan (tanpa mbayar); di-[x]-i n. dipun yatrani k: dibayar (rêgane, wragade); mata [x]-ên kn: ngangsa-angsa melik marang dhuwit.
dhuwung: k kêris.
dhuwur: n. inggil k 1 dawa tmr. dêdêging barang kang ngadêg (pawakan lsp), up. wit iki [x] tênan; 2 ukuran miturut dawaning dêdêge, up. [x]-e limang kaki; 3 adoh antarane yèn kasawang saka ngisor, up. ênggone mabur [x] bangêt; 4 ent. luhur (tmr. pangkat,

gêgayuhan), muluk, unggul (tmr. panêmu, kawruh), lumuh kasor (tmr. wêwatakan); ing [x] n. nginggil(-ipun) k: 1 (ut. sadhuwure n. sanginggilipun k) ngungkuli; 2 tumumpang ing; n-[x]-i br: mêncungul dhuwur, ambêk luhur; di-[x]-i: 1 (di-[x]-ake) diwuwuhi dhuwure; 2 diungkuli; dhêdhuwuran kn: panggêdhe, wong kang luwih dhuwur pangkate.
dhuwuran: kn (kêmbang [x]) kêmbang borèh kang ditumpangake ing tukon pasar (sajèn).
dhuwok: êngg. kn 1 bngs. cuwo cilik; 2 cirak.
(dhuwowog): n-[x] êngg. kn linggih mbêgogok thênguk-thênguk bae.
dho: kw. ak loro.
dhobêl: (W) kn 1 rangkêp (loro ut. luwih); 2 karcis mênyang mulih (tmr. sêpur lsp).
dhobis: kn wêsi panithikan patrum (bêdhil kuna).
dhoble: (W) kn mas lapisan.
dhodhal-dhadhil, dhodhal-dhodhèl: kn. ak tatu pating brocèl.
dhodhèt: êngg. kn dhudhèt.
dhodhog: I di-[x]-(i) kn saèm. dijagur (-i) tmr. gêgêr, lawang lsp; n-[x] lawang: 1 njaluk lawang; 2 nakokake arêp nglamar. II êngg. kn: bngs. kêndhang wlulange mung sasisih; layang [x]-an êngg: wanguning layangan bapangan.
(dhodhok): n-[x] kn 1 êngg. linggih; 2 linggih (mlaku) kaya patrape wong linggih nanging bokonge ora kambah; di-[x] (-i): 1 dikurmati sarana ndhodhok; 2 êngg. dipondhoki; di-[x]-ake: dikon ndhodhok.
dhodhok acung-acung: êngg. kn kc. dodok.
(dhodhos): n-[x] kn nyrudug nganggo congor (tmr. cèlèng); di-[x] (-i): didhungkiri nganggo congor banjur dipangan (tmr. têtanduran, lmr. cèlèng); kc. dhrodhos.
(dhodhot): n-[x] êngg. kn ndhêlik ndhêdhêpi (ndingkik).
dhog: I kn pêpindhan swaraning nggêdhog meja, ndhodhog lawang lsp. II (têka [x]) êngg. lagi mêntas têka bae. III êngg. kn: benggol (2 ½ sèn). IV (ndhog) pc: êndhog.
dhogjêr: êngg. kn 1 ora ajêg; 2 rada edan.
dhogjur: êngg. pc dhogjêr.
dhogdhèng: pc dhugdhèng.
dhogèr: kn ar. tontonan barangan (jogèdan).
dhoglag-dhaglig: kn oyag-ayig (tmr. meja lsp).
dhoglèg-dhoglèg: kn pêpindhan swaraning grobag lsp.
dhoglèng, dhogling, dhoglong: pc rada edan, gêndhêng.
dhoglong-dhoglong: pc gêdhe dhuwur wagu (tmr. pawakan wong wadon).
dhogol: I êngg. kn 1 durung ana wulune (isih ênom); 2 ngliga (ora klambèn). II ks: palanangan; [x]-an ks: anak.
dhograg, dhogrèg: êngg.pc 1 oyag-ayig ora kukuh; 2 ora kanggo ing gawe (wis lawas, tuwa).
dhogcur: êngg. pc dhogjêr, dhogjur.
(dhoyok): [x]- [x], n-[x] kn ngadêg (mlaku) mbungkuk nglèyèk.

dhoyong: (ut. n-[x]) kn 1 ora jêjêg (mayat) tmr. cagak, omah, wit lsp; 2 miring tmr. tulisan.
dhok: I (ut. ndhok) 1 (ut. dhokan) êngg. pc panggonan sing didunungi (diênggoni); 2 êngg. ing, ana ing; kc. andok, dhokdhokan, kadhokan. II di-[x]-ake pc: 1 disèlèhake, didokokake; 2 ditopake (dianggo nyauri utange).
dhokar: kn kreta arodha loro (kreta sewan).
dhokdhokan: êngg. pc panggonan kang didunungi (diênggoni).
--- 111 ---
dhokèr ~ dhot.
dhokèr: êngg. kn ar. piranti dianggo nyokèri; di-[x]-i: dicokèri, diorak-arik.
dhokkur: pc ndhodhok mungkur.
dhoklonyo: êngg. kn bngs. banyu wangi (Eau de Cologne).
dhokur: êngg. dhuwur.
(dhoko): n-[x] kn. ak tiba nglumpruk.
dhokoh: kn 1 akèh sarta katon enak ênggone mangan; 2 ent. sêngkut tanpa wigah-wigih (ênggone tumandang).
dhokot: êngg. kn dhokoh.
dhoktêr: (W) kn 1 (ut. dhoktor) (sêsêbutane) wong kang putus ing sawijining kawruh (wêton pamulangan luhur sarta wis gawe layang pandadaran); 2 wong kang ahli nênambani lêlara (dhêdhasar kawruh); di-[x]-i: diupakara ing dhoktêr; di-[x]-ake: ditambakake marang dhoktêr; [x]-an: papan kanggo ngupakara wong lara.
dhoktêr Jawa: n. dhoktêr Jawi k wong Jawa kang dadi dhoktêr.
dhoktêr gula: n. dhoktêr gêndhis k wong kang ahli èlmu pamisah juru nitipriksa (ngadoni) gula ing pabrik gula.
dhoktêr kewan: kn dhoktêr kang nambani lêlaraning kewan.
dholog: I kn kayu bulugan (glondhongan) lmr. kayu jati. II n-[x] êngg. kn: wagu, kêsèd, mbêgogok bae.
dhom: main (kasukan) [x] pc main dhomino.
dhoman-dhoman: êngg. kn jadhuman.
dhomas: kw 800.
(dhompèl): n-[x] êngg. ndhumpil..
dhompèt: kn tlêkêman wlulang dianggo wadhah dhuwit.
dhompyok: kn. ak dhompol; n-[x] pc: ndhèmpèl, ngindhung; dhêdhompyokan: dhêdhompolan.
dhompyong: I kn ombyokan prabot (piranti) cilik-cilik kang digawe êmas (slaka lsp) digandhulake ing pucuking kacu, rante jam lsp. II bngs, dhuwêt cilik-cilik.
(dhomplèng): n-[x] êngg. kn ndhumpil.
dhompo: kn 1 dhumpyuk, rangkêp kêpindhon (tmr. nam-naman); 2 br. kurang pêtitis (sêtiti).
dhompol: kn ombyokaning wowohan; n-[x] pc: ndhèmpèl, ndhumpil; (dê)- [x]-an: mangun ombyokan (wowohan lsp).
dhondhang: êngg. kn jodhang.
dhono: êngg. kn pêntil jambe.

dhong: I pc pêpindhan swaraning gêndhong kênthongan. lsp. II kn 1 pc. trêp, pênêr; 2 êngg. pc. lagi kêbênêran, pinuju, up. aku lagi [x] kojur; 3 tampa giliran, up. sapa sing [x] maca; 4 pc. wis mangêrti têmênan, up. aku durung pati [x]; kêtiban [x]: 1 kêtiban giliran; 2 ditêrka; di-[x]-i pc: diiyani bae; kê-[x]-an: kêtiban dhong; kc. dhonge, dhongding.
dhongdhang: êngg. kn jodhang.
dhongdhangan: êngg. pc kêbênar-kêbênêr, kala mangsa, ora mêsthi.
dhongdhing: kn tibaning wanda lêgêna (wulu, suku lsp) ing wêkasaning gatraning têmbang (guru lagu); ora ngêrti [x]-e pc: ora ngêrti marang lungguhing prakara (rêmbug).
dhongdhongan: êngg. pc kêbênar-kêbênêr, kala mangsa, ora mêsthi.
dhonge: êngg. pc 1 lagi dhong (kêbênêr ...); 2 bênêre, pancène.
dhongglèng: I mak [x] pc mak jênngglèng. II kn. ak: rada edan; kc. dhênngglêng.
dhongkah: kn. ak dhungkah.
dhongkal: êngg. kn rubuh, sol, rungkad.
(dhongkèl): di-[x] kn 1 dikêdhuki sarta disongkèl diwêtokake (watu, oyod, tunggak lsp); 2 pc. ditundhung (tmr. wong ngindhung, mondhok lsp); [x]-an êngg: patêbon sing wis dirêmbang.
(dhongkèr): di-[x]-i kn didhungkari.
dhongklak: êngg. kn tunggakan pring lsp; kc. dhungklak.
dhongklèh: kn dhèngklèh, sèngklèh.
dhongkloh-dhongkloh: pc dhèngklèh-dhèngklèh.
(dhongkok): n-[x] êngg. kn njongkok, linggih ndhêkung.
dhongkol: (ut. [x]-an) kn tilas (wis dilèreni saka pangkate) up. lurah [x].
dhongkrah: I kn piranti dianggo ngêgol montor lsp; di-[x]: diêgol nganggo dhongkrah. II di-[x]-i êngg. kn: didungkrahi.
dhongkrak: I kn dhongkrah. II n-[x] pc: ndhongkrah.
(dhongkroh): kn wanguning sungu kêbo mêmburi pucuke ndhungkluk.
(dhongkrok): n-[x] pc linggih mbêgogok (ora tumandhang ing gawe).
(dhongkrong): n-[x] pc ndhongkrok.
dhongoh: kn lêmu wêwêg.
(dhongok): n-[x] pc njongok.
(dhongol): n-[x] pc mêncungul mêtu; kc. dhêngal, dhêngèl.
(dhongsok): di-[x]-ake êngg. kn didhosokake.
dhop: I (W) kn 1 dobis; 2 bngs. topi. II di-[x]-ake êngg. pc: diurupake, diijolake.
dhopèt: êngg. kn dhompèt.
(dhopok): n-[x] êngg. kn gunêman umuk.
(dhoprok): n-[x] pc ndheprok.
dhor: I mak [x] kn pêpindhan swaraning bêdhil lsp. II (ndhor) pc: wc. mandhor.
dhorèng: I (ut. [x]- [x]) kn pating glalêr, mawa corèkan (tmr. marmêr, kayu lsp); di-[x]- [x]: dicorèng-corèng, digalêr-galêr. II n-[x]-i (-ake) êngg. kn: nyritani, nyritakake, ngandharake.

dhorit: êngg. kn bngs. arit.
(dhorong): di-[x]-ake êngg. kn dijorogake, dijongorake.
dhos: êngg. kn watêsan, pas-pasan (balapan lsp).
dhoso: (ut. n-[x]) kn srogal-srogol ngoso (tmr. gunêman, wangsulan).
(dhosok): I di-[x] êngg. kn didokok. II di-[x] (-ake): 1 didhêsuk, didhêsêk 2 disodhokake maju, disurung maju.
(dhosot): di-[x] êngg. kn didhêsêk, didhêsuk.
dhot: kn pêpindhan swaraning slomprèt
--- 112 ---
montor; 2 slomprèt montor (tutêr); 3 piranti dianggo ngombèni bayi digawe karèt)
dhocang ~ ejaan
dhocang: kn parudan krambil dicampur kêdhêle.
dhocèng: pc ora ajêg (tmr. pagawean lsp).
dhocêng: pc kêndho kêncêng (ora ajêg ênggone mlaku, nyambut gawe lsp).
(dhothong): di-[x]-[x] kn diothong-othong (digawa dhewe).
(dhothor): n-[x] pc ndhongkrok kêsèd.
dhowah-dhowah: êngg. kn mênga amba bangêt (tmr. tatu lsp); n-[x] ks: nangis.
dhowak-dhowak: pc dhowah-dhowah.
dhowan: tawon [x] kn tawon gula.
dhowang: êngg. kc ngêmungkake, mligi.
dhowèk-dhowèk: pc dhowak-dhowak.
dhowèl-dhowèl: kn padha dhèdhèl (tatu, sèsèt lsp) akèh.
(dhradhag): n-[x] kn. ak bêdhah, (bêngkah) amba.
dhradhasan: kn mlayu rikat (wêdi yèn sêlak konangan lsp).
dhradhatan: kn.ak kagèt dhêg-dhêgan, trataban.
dhradhil: pating [x] kn. ak pating bradhil.
dhrakalan: kn ngadêg banjur mlayu gita-gita (gurawalan).
(dhrandhang): n-[x] kn swaraning bêdhug nggêjêg; bêdhug n-[x]: jam rolas awan (mangsane bêdhug muni).
dhrastha: (S) kw. ak siyung.
dhrawul: patung[3] [x] kn ora tata (alus); kc: dhawul.
(dhrèkèl): [x]- [x], [x]-an êngg. pc: (mènèk) kêthèkèlan).
dhrèndhèngan: kn swaraning tambur.
dhrèngkol: pating [x] kn ora lêncêng tmr. pang lsp; kc. dhèngkol.
(dhrêdhêg): n-[x] kn obah gêtêr (tmr. awak).
(dhrêdhêt): n-[x] kn obah gêtêr (tmr. tali lsp. sing didhêdhêt).
dhrêmplah: pating [x] kn. ak pating sêmplah.
(dhrêsêl): n-[x] kn mlêbu, (nlusup) ndhêsêl.
dhrêstha: kw. ak siyung.
(dhridhil): n-[x] kn tanpa kêndhat (wêtune sêsambate lsp).
(dhridhis): n-[x] kn tansah njêjaluk, ndrêmis.
(dhridhit): n-[x] êngg. kn ndhridhil.
(dhrindhil): n-[x] kn tanpa kêdhat, ndhridhil.
(dhrudhul): n-[x] kn mêtu brol-brolan tanpa kêndhat.

(dhrudhus): n-[x], [x]-an kn blusukan mlêbu ingêndi-êndi.
(dhrudhut): n-[x] êngg. kn ndhrudhul.
(dhrusul): n-[x] kn mlêbu (nlusup) ndhrêsêl.
(dhrodhog): n-[x] kn ndhrêdhêg bantêr (wèl-wèlan).
(dhrodhos): [x]-an kn dhrudhusan, ndhrudhus.
dhwa: jk loro; kc. dho.
dhwani: (S) kw. ak swara.
dhwasta: (S) kw. ak rusak, lêbur.
dhyaksa: (S) jk pintêr, wêgig.
dhyam: (S) jk mênêng.
1. dadi ala amarga ...
2. (luwês).
3. pating.

E

e: kn sabawa nelakakake kagèt, gumun, ngundang lsp.
eba: I kw. ak endah, bêcik. II (S) kw. ak gajah.
ebah: k obah.
ebakara (S) kw. ak tlale.
(ebar): di-[x]-ake kn. ak dikatonake ing akèh; kc. kebar.
ebat: (A) kn. ak wêdi kanthi urmat, gumun; ng-[x]- [x]-i(-ake): nggumunake.
èbèg: kn 1 ak. lèmèking lapak kang rinêngga-rêngga; 2 (ut. jaran [x]) êngg. jaran kepang; [x]-an, [x]- [x]-an ak: nganggo èbèg.
(èbèr): [x]- [x], ng-[x] kn bakulan sarana ngêdolake barang dagangan (panganan lsp) ora sarana kulak (lmr. esuk njupuk sorene mbayar); di-[x]-ake: diêdol kaya kang kasêbut; [x]-an pangêdole sarana dièbèrake.
èbêk: ut. [x]-an, kèbêkan kw 1 kêbak; 2 kêbak gagasan (jibêg sêdhih bangêt).
èbi: (C) kn urang digaringake.
èblèg, èblèk: kn. nam-naman pring awangun pêsagi dawa dianggo nyèlèhake wayang (ing kothak) lsp; 2 êngg. nam-naman pring lsp. tangkêpan dianggo wadhah layang lsp.; 3 êngg. tontonan jaran kepang; kc. èbèg.
ebor: kn cidhuk nganggo garan dawa; di-[x]: 1 (ut. di-[x]-i, di-[x]-ake) dicidhuki nganggo ebor; 2 disaring lan dirêsiki (tmr. mas kali) di-[x]-[x]-i êngg. ak: dislamêti (tmr. wong mêtêng têlung sasi).
ebra: (A) kn jugar, ora dadi (tmr. prakara, niyat lsp); diebrakake: dijugarake, diwurungake.
ebrah: êngg. kn katon gagah dening mênganggo sarwa bêcik.
edab: (A) kn. ak eram, gumun; ng-[x]-[x]-i(-ake): nggumunake.
edah: (A) kn idah.
edan: kn ks. lara pikirane; 2 ent. kêsêngsêm bangêt marang; [x] taun ks: edan angot-angotan; di-[x]-i: disêngsêmi bangêt; di-[x](-[x]-)-ake: diunèkake (dianggêp) wong edan; [x]-[x]-an: 1 tumindak kaya wong edan, tanpa pikiran; 2 êngg. badut, lêlucon; kc. kedanan.
(ede): di-[x]-[x] êngg. kn digêguyu sarta dicampahi.

èdi: kn sarwa bêcik; kc. adi.
èdi-pèni: kn sarwa bêcik sarta arang anane.
(eja): I di-[x] kn. ak diangka-angka, diayam-ayam; kc. ngeja-wantah. II (A) di-[x] kn: dipratelakake siji-sijining aksara ing têmbung.
ejaan: kn. ak: cara panulising têmbung-têmbung [têmbung-...]
--- 113 ---
[...têmbung] (pranatan panganggoning aksara ing têmbung); kc. eja.
èjèg ~ elik
èjèg:, ut. ng-[x] kn: mlaku rikat jangkahe ciyut (tmr. wong mêmikul lsp); 2 (ut. èjèg-èlèr) êngg. pc: bola-bali ngucap (takon, njaluk, têka lsp).
èjèt: êngg. pc enak.
(èjlèg): ng-[x] kn 1 êngg. mlaku rikat; 2 bola-bali têka (mêdhayoh); di-[x]-i: kêrêp diparani.
èjlèg-èlèr: êngg. pc: bola-bali ngucap (takon, njaluk, têka lsp); kc. èjèg.
ejrah: I êngg. kn. ak petungan, rantaman; 2 niyat, sêdya; di-[x](-[x]) êngg. dietung-etung. II (A) kn: ijrah (wiwitaning taun Islam).
èjrèt: êngg. pc enak; kc. èjèt.
edhang: kn siji-sijine padha tampa ..., up. têlu [x].
edhar-edhor: kn: 1 sarwa kêndho tmr. pawakan; 2 pc. ora singsêt (tmr. mênganggo sandhangan).
èdhèg: kn 1 êngg. bêsus ênggone nyandhang mênganggo; 2 (ut. [x] sikil ak) tansah ngobahake sikil (nalikane linggih).
(èdhèl): di-[x] êngg. kn dibêdhèl.
èdhèng: di-[x](-ake) kn diêblak bae (ora digawe wadi); kc. edhèng.
èdhèng-èdhèng: êngg. kn lirih-lirihan tmr. swara.
edhêlèr: kn warga Rad Hindiya.
edhing: êngg. kn edhang.
edhul: kn eyub, aub.
edhor-edhor: kn kc. edhar-edhor.
edhos: êngg. pc 1 enak; 2 kêpenak.
egah-eguh: êngg. kn ngreka murih bêcik (tata); kc. eguh, iguh.
egal-egol: kn obah-obah ngiwa nêngên (tmr. bokong lsp); kc. egol, megol.
egik: êngg isih.
egla: ut. ng-[x] kn katon cêtha (ora kaling-kalingan).
egla-egle: pc mung dianggo lamis.
(èglèh): ng-[x] pc ngegla, katon cêtha; di-[x]-ake: pc. diêdhèngake bae.
(èglèng): ng-[x] pc ngegla, katon cêtha; di-[x]-ake: pc. diêdhèngake bae.
eguh: êngg. kn iguh.
(egol): di-[x](-[x])-ake kn diobahake ngiwa nêngên (tmr. bokong); kc. egal-egol. megol.
(egos): di-[x](-ake) pc rada dièncèngake sêthithik.
egot: êngg. kn kang dadi kêpala (bêbenggol lsp)
egrah-egroh: pc ora bêsus ênggone mênganggo.

egrang: kn pring (kayu) didokoki pancadan dianggo mlaku; [x]-[x]-an: dolanan nunggang egrang.
ègrèk-ègrèk: kn ora kukuh (gampang bubrah); diègrèk-ègrèk pc: disènggèt (disogok-sogok).
èh: pc sabawa nelakake wêgah.
Ehe: kn ar. taun kang kapindho (ing windu).
eyang: kl êmbah.
eyang-eyung: kn. ak ora têtêp (gunême).
èyèl: ut. ng-[x] êngg. kn êmoh kalah padune.
(èyèng): di-[x]-[x] êngg. kn digotong (disangga) wong akèh.
eyub: kn 1 ora kêna ing panas (udan) dening kaalingan ing wit lxp; 2 (ut. wayah [x]) wayah sore; [x]-[x]: apa-apa kang dianggo tutup supaya ora kêna ing panas (udan); ng-[x]: ana ing papan kang eyub.
eka: (S) kw 1 siji; 2 (ut. ekan) ijèning cacah; di-[x]-[x] êngg: dipikir-pikir ing sadurunge.
ekadasa: kw 11; di-[x] kn: 1 ak. digolèki ekane lan dasane; 2 êngg. dipikir-pikir ing sadurunge.
eka-kapti: (-praya, -prana, -cipta) kw tunggal ati, sarujuk.
ekal: (A) kn. ak jimat.
(ekapada): mang-[x] kw (nunggalake sikil) sêmadi.
(èkèk): I di-[x]-[x] êngg. pc diiris kaya sacarane nggraji (marga alod lsp).II di-[x]-i ut. diêkèki pc: diwènèhi.
(èkèn): di-[x](-i) êngg. pc diwènèhi.
èkèr: êngg. pc 1 kêmrungsung dening kêpengin bangêt; 2 tansah gawe rame (arêp drêdah); [x]-[x]: nyambut gawe ing sabisane; di-[x]-[x]: dicèkèri.
(èkêt): [x]-an kn saka sèkêt, siji-sijine sèkêt; kc. sèkêt.
eklas: (A) kn 1 rêsik, murni; 2 lêga lila têrusing ati (mêmènèhi, kelangan lsp); di-[x]-ake: dililakake têrusing ati.
èklèk: pc tansah dikongkon mrana-mrana (ora ngaso-ngaso).
ekrak: kn 1 bngs. kranjang dianggo mbuwang uwuh; 2 amben-ambenan diango ngusung wong lara lsp.
ekrak-ekrok: êngg. kn ora kukuh.
ekral, ekrar: (A) kn katêrangan bab pêpancasaning prakara; di-[x]-ake: diundhangake, disêmantakake.
èkrèk-èkrèk: pc ègrèk-ègrèk; di-[x]-[x] kn dikèkrèk.
ekroh: kn ora bêsus anggone mênganggo.
èksi: kw mata; kc. aksi.
ela-elu: pc mung manut ombyaking akèh.
elar-elur: êngg. ak elur, sêlur.
(èlèd): di-[x]-ake kn diwêtokake ilate; kc. mèlèd.
(èlèg): di-[x] ut. di-[x]-[x](-i) êngg. kn 1 dibêbeda, dibêbêngèk; 2 diiming-imingi.
èlèk: pc ala, di-[x]-[x]: diala-ala.
èlèktris: (W) kn bngs. daya panggèndèng kang bisa njalari kadayan warna-warna (diyan, mêsin lsp).

èlèr: ut. [x]-an êngg. kn jerengan êmplèk-êmplèkan rajangan têmbako; di-[x]: dijèrèng diêmplèk-êmplèk sarta diêpe (tmr. têmbako).
(èlèt): di-[x]-ake pc dièlèdake.
èlêp, hèlêp: (W) êngg. pc juru tulis pambantu.
(èlês): di-[x] êngg. kn diilês.
elik: (ut. ng-[x]-i) kn êmoh bali marang patarangane (susuhe), êmoh bêcik karo kang lanang (tmr. pangantèn wadon); [x]-[x] (ut. ng-[x], ng-[x]-ake): ngandhani supaya ora nglakoni, mênging.
--- 114 ---
eling ~ endha
eling: n. èngêt k 1 pikirane pulih kaya sakawit (tmr. wong sêmaput, edan lsp); 2 mangêrti manèh marang prakara sing wis lawas; 3 ora lali; 4 ent. ngrumangsani, wêruh marang kaanane dhewe lsp; di-[x]-i: ora dilalèkake, dirêmbug (dipikir) mungguhing kaanane (asale lsp) di-[x]-ake: dikandhani supaya ora lali; [x]-an n. èngêtan k: 1 (ut. kaèlingan n. kaèngêtan k) pangangên-angên; 2 gampang elinge, ora lalèn; [x]-[x]-an: mung ing saelinge bae; kc. kèlingan, pangeling-eling, peling.
èlmi: k èlmu
èlmu: (A) n. èlmi k kawruh; kc. ngèlmu.
elur: kn irit-iritan tanpa pêdhot.
elo: kn ukuran dawa 0.688 m; dieloni: diukur nganggo elo.
elok: kn nyimpang saka kaanan kang lumrah, aèng; ka-[x]-an: prakara kang elok, mukjijat.
elon: I pc ilon. II kn: pangukure sarana elo, wêwaton elo.
ema: (S) kw. ak êmas.
emah-emah: êngg. pc. k: omah-omah.
eman: kn owêl bangêt yèn (dene); [x]- [x]: owêl, mêsakake yèn nganti ...; di-[x](-[x]): diowêl, diêmi-êmi, diati-ati bangêt aja nganti ilang lsp.
eman-ewuh: kn. ak duwe gawe.
emba:, [x]-ne êngg upama, kaya dene, kayata; [x]-[x] êngg. mindha-mindha kaya; di-[x] (-[x]) êngg: dièmpêr kaya, ditiru; kc. imba, mimba, memba.
(embal): dipun-[x]-i êngg. k diopahi; [x]-an êngg. k opahan.
èmbèl-èmbèl: kn wuwuhan sêthithik (tmr. katêrangan, layang lsp); di-[x]-[x]-i: diwuwuhi sêthithik (tmr. katêrangan lsp).
èmbèr: kn wadhah banyu sing digawe blèg lsp. nganggo cêkêlan mlêngkung.
(èmbèt): di-[x](-ake) kn disangkut (ing prakara lsp), disêmpèt (katut dirasani lsp); kc. kèmbèt.
èmblèg: êngg. kn tontonan jaran kepang; kc. èbèg, èblèg.
èmbong: êngg. kn 1 tanggul (ing kali); 2 dalan gêdhe; di-[x] êngg: ditanggul.
èmbrat: êngg. kn 1 gêmbur; 2 tukang ndadani dalan lsp.
èmbrèh: êngg. pc 1 kangsrah lêmah (tmr. sandhangan); 2 katon bêcik.

èmbrèt: êngg. kn wong nyambut gawe buruhan; sêpur [x] êngg: sêpur tunggangan.
èmèm, êmèn: êngg karêbèn.
(èmèn): di-[x] êngg diwènèhi.
èmèng: êngg. pc akèh orane yèn.
èmêng: kw bingung atine, kèwuhan sêdhih; pc. kèmêngan.
èmêt: kn. ak lêmbut bangêt (tmr. bubukan lsp).
èmu kn:: 1 mêmbut marga dipijêt-pijêt tmr. wowohan; 2 rêmuk ing jêro marga diantêmi lsp.
emut: êngg 1 kn. ak ngeling-ngeling; 2 k. eling.
emor: êngg. kn èmu, mêmbut.
empang: êngg. kn blumbang.
èmpèd: êngg. kn bngs. yuyu cilik.
èmpèh: êngg. kn 1 njlampar, ora ndêdêr; 2 pc. mayar, ora rêkasa, murah tmr. rêrêgan.
èmpèng: êngg. kn 1 ènthèng, ampang; 2 ora kêna diprêcaya.
èmpèr: kn peranganing omah (pêndhapa) kang diaubi êmpyak banjurane êmpyak gêdhe.
èmpêr:, [x]-e pc padhane, ayake; sa-[x] kn: mèh padha karo; di-[x]-[x]: dipadhak-padhakake karo; kc. mèmpêr.
èmplag-èmplag: pc katon rêkasa lakune (marga lêmu bangêt).
èmplèk-èmplèk: kn eyub-eyub (payon) kang tumèmplèk ing tembok, gêdhèg lsp. dièmplèk-èmplèki: ditrapi èmplèk-èmplèk.
èmplèngan: êngg. kn lalahan pandhêdhêran pari.
(èmplok): ng-[x] pc ngamplok ing; kc. amplok.
èmplop: êngg. kn amplop.
èmpok: êngg. kn ampok.
emprak: êngg. kn bngs. slawatan nganggo jogedan.
èmrèh: êngg. kn rèmèh.
enak: n. eca k: mirasa (tmr. panganan lsp); 2 pc. kêna dipangan; 3 pc. nyênêngake pangrasa (tmr. swara, ambu lsp); 4 êngg. kêpenak; 5 ([x] atine) pc. sênêng, ora susah; ng-[x]-[x] pc: swara kêpenak (sênêng), tumindak sakêpenake; ng-[x]-i ati pc: agawe sênênging ati sarana têtêmbungan manis lsp; [x]-[x]-an: sarwa enak, sarwa sênêng (kêpenak); kc. kêpenak.
enak-enuk: pc. ks swara enak (kêpenak).
endah: I kw 1 bêcik bangêt (tmr. warna, rupa lsp); 2 êngg. pc. karêbèn; 3 êngg. pc. supaya; [x]-[x] ... ak: wis pantês bae lah wong ...; di-[x]-ake kw: dièstokake; kc. mendah. II kw: 1 ayo, mara; 2 (ut. endahne) êngg. mendah iba.
endahane: êngg saiba bakal ... yèn ...
endahneya, endahpuna: êngg saiba bakal ..., yèn ...
endra: (S) kw ratu.
endrajala: (S) kw krenah, pangapus, kajuligan; mang-[x]: namakake krenah (pangapus, kajuligan).
endrak: êngg. kn bngs. lara gomên.
endralaya: (-loka, -pada) (S) kw kadewan, kayangane (Bathara Indra).

endrasara: (S) kw (panahe Indra) krenah, paekan.
endracapa: (S) kw (gêndhewane Indra) kluwung.
endrawita: (S) kw intên biru.
enjang: êngg. k esuk.
ènjèr: êngg. kn èrèk ngarêpake pêrang (ing jogêd).
(ènjêp): di-[x]-i êngg. kn diewani lsp. sarana mèncêp; kc. èncêp, mènjêp, mèncêp.
enjing: k esuk.
enjuh, enjoh: êngg. pc bisa.
endha: I kn sumingkir oncat saka ing gêgaman kang ditamakake lsp; diendhani: disingkiri supaya ora kêna.
--- 115 ---
II endhane êngg: saupama; [x]-[x] êngg: mindha-mindha.
endhag ~ èngklèk
endhag: êngg. kn trampil.
endhang: I kw sêsêbutan garwa ut. putrining pandhita. II êngg. kn: tilik; di-[x]-i êngg: ditiliki, diklilingi; kc. kendhang.
èndhèk, êndhèk: n. andhap k cêndhèk.
èndhèl: êngg. kn 1 batur wadon (pangiring); 2 ks. anak; 3 minthi sing wis rada gêdhe; [x]-[x] êngg pc: wuwuhan, èmbèl-èmbèl, kinthilan; ng-[x] ks: tut-buri, mèlu.
(èndhèr): di-[x] pc diandharake, dijlèntrèhake.
endhong: I êngg. kn bngs. kêba ut. kanthong; 2 wadhah panah (kaêtrap ing gêgêr). II di-[x] êngg. kn: ditiliki (wong lara lsp).
ene: I êngg. pc gawanên mrene! II wayah [x] pc: wayah mêngkene.
(ènèh:) di-[x]-i êngg. pc diwènèhi.
ènèk: êngg. pc ana.
ènèng: I êngg. pc ana. II di-[x]-[x] êngg. pc: dicènèng-cènèng.
(ènèl): di-[x]-x] êngg. pc dipênêt-pênêt.
ènêk: êngg. pc enak.
entar: I kw. bablas tmr. sêsurupan; 2 kn. dudu têgêse kang baku, silihan (tmr. têtêmbungan); kc. mentar.
èntên: k. pc ana.
entuk: êngg olèh.
ènthos: ndhak [x] êngg. pc ora bisa.
entra: kn. ak 1 têtêngêr, pratandha; 2 cêngkorongan; di-[x](-[x]) ak: digawe kaya, diwangun niru kaya; dientrani ak: ditêngêri, dicirèni; kc. entha.
(entrah:) sa-[x]-[x]-e pc satingkah-lakune, kabèh kang ditindakake.
entran-entran: kn. ak pêpêthan, têtiron; kc. entra.
èntre: (W) kn dhuwit bayaran mlêbu (ing pakumpulan lsp).
èntrès: kn 1 êngg. tata, mungguh; 2 ak. nyulihi nindakake pagawean nganggo opahan; 3 (ut. [x]-an) anakan (dibayarake sabên dina); di-[x]-i: diwènèhi anakan dinan; di-[x]-ake: 1 ak. disulihake (ngaggo opahan); 2 dianakake sarana anakan dinan; [x]-an: 1 anakan kang dipasokake sabên dina; 2 ak. opahan marang kang nyulihi; 3 êngg.

dhuwit balèn saka pêpayone barang gadhèn sawise diêlong utange; 4 êngg. dhuwit saka wong kang arêp nanduri sawahe.
entrok: kn saèm. klambi kotang (dianggo rangkêpan wong wadon).
(èncèk): di-[x]-[x] êngg. kn dièyèng-èyèng wong akèh.
(èncèng): I (ng-)[x]-[x] kn rada ngewas (ora jêjêg ênêre), ora ngênêr keblate sing bênêr; kc. mèncèng, pèncèng. II [x]-[x] kn: ar. têtuwuhan.
èncèr: kn 1 ora kênthêl bangêt; 2 êngg. cuwèr; 3 êngg. pc. ora kênthêl tmr. wedang tèh (kopi); 4 pc. gampang dingêrtèni; 5 pc. gathèkan, gampang ngêrti.
(èncès): di-[x] êngg. kn diiris lsp. ngewas; kc.mèncès.
(èncêp): di-[x]-i kn diewani lsp. sarana ngajokake lambene kang ngisor; kc. mèncêp.
enco: êngg. pc enak, kêpenak.
encok: kn 1 ak. andhêg-linggihan manuk lsp; 2 lêlara balung; 3 pèlèt (ing kayu); di-[x]-i: 1 diêndhêgi lan dilinggihi ing manuk lsp; 2 ent. kêna ing (lêlara), kêpanjingan ing (setan lsp); di-[x]-[x]-ake pc: diathik-athik supaya gathuk (tmr. surasaning têtêmbungan lsp); kc. kencong.
(èncos): di-[x] kn diiris ngewas; kc. èncès, mencos.
(entha): [x]-[x] êngg. kn mindha-mindha kaya; di-[x](-[x]) êngg: 1 digawe kaya, diwangun niru kaya; 2 dianam-anam (tmr. niyat, rancangan lsp).
ènthèng: kn sêthithik bobote. kb. abot; 2 pc. mayar, ora rêkasa, ora bangêt (tmr. lara); di-[x]-ake: 1 digawe supaya ènthèng; 2 pc. digampangake, dianggêp ènthèng; [x]-an (-baune): sênêng têtulung lan gampang disêsambati.
enthog: kn bngs. bèbèk.
enthong: kn cidhuk sêga.
enthos: ndhak [x]) êngg. pc ora bisa.
ènyèng, ènyêng: ut. kènèng [x] êngg. pc rada edan.
enyong: êngg aku.
engah: êngg. kn: ringga, rada wêdi.
èngane: êngg o-o ngono! (sabawa gumun lsp).
(èngèh): di-[x]-i pc diwènèhi; kc.ngèngèh.
(èngèk): [x]-[x] pc sabawaning rêbab lsp. disênggrèng; di-[x]-[x] êngg: dièkèk-èkèk.
(èngès): di-[x] pc diiris; kc. pèngès.
èngêt: k eling.
engga: ut. sa-[x] êngg kongsi, nganti, nganti kaya; enggane êngg: ing saupama; kc. ingga.
enggak: kn nglangi ngadêg.
enggal: 1 k. anyar; 2 (ut. [x]-[x]-an) êngg. rikat, rêrikatan; 2 êngg. gêgancangan, dumadakan banjur; [x]-ing carita br:gancanging crita; [x] iki, [x] mangke êngg: kang mêntas kêlakon iki; [x]-lawas, [x]-dangu êngg: yèn ora enggal iya lawas; di-[x]-ake: dirikatake bae.
enggar: kn. ak sênêng atine; ng-[x]-[x] (-ati): dolan lsp. nyênêngake ati.

(enggok): di-[x]-ake kn diingêr ngiwa ut. nêngên (tmr. kreta lsp); [x]-an êngg: pawadan; [x]-[x]-an: dalan kang menggok; kc. menggok.
engkag-engkog: kn ora rêncang lakune (marga kêlêmon lsp).
engkal-engkol: êngg. kn kc. mengkal-mengkol.
(èngkèl): ng-[x] pc ngèyèl, tansah madoni; di-[x]-i pc: digêgêgi; [x]-[x]-ên pc: aras-arasên lunga (mingsêt).
èngklèk: I ut. êngklèk êngg. kn mlaku nganggo sikil siji (dolanan bocah); kc. angklèk. II di-[x] êngg. kn: digawa sarana ditrap ing sabukan wlulang (tmr. kêris, pêdhang); di-[x]-[x] (ut. diêngklèk-êngklèk): dibopang-bopong (tmr. bocah cilik).
--- 116 ---
engko ~ etung.
engko: pc 1 bathon, brandon; 2 sêkaitan, sêkuthon.
engkog-engkog: kn ora rêncang lakune (marga kêlêmon lsp).
engkok-engkok: pc garis lsp. ngombak banyu; kc. mengkak-mengkok.
engkol kn: bngs.jara; [x]-[x] pc: êluk ngombak banyu; di-[x]-ake: dienggokake; kc. mengkal-mengkol.
(engkrah): sa-[x]-[x]-e pc sapari-polahe.
engkrak: êngg. kn ekrak.
engkrang: kn ar. caraning njogèd; sa-[x]-[x]-e pc: sapari-polahe.
(èngkrèg): [x]-[x] êngg. pc 1 gampang-gampangan (tumandang lsp); 2 mung sêdhela bangêt; 3 wis arêp rusak, ora kukuh; sa-[x]-an pc: mung sêdhela.
(èngkrèng): di-[x]-[x]-ake kn disèlèhake ing pinggir sêmu ngongkang; kc. mèngkrèng.
(ènglèng): di-[x]-ake kn didhoyongake ngiwa ut. nêngên (tmr. êndhas); kc. mènglèng.
(engo): kc. mengo.
(èngos): di-[x]-i pc diplèngosi; kc. pengos, plengos.
èngsèl: kn. sindikan ing kuponing lawang (inêbing lawang).
(èngsêm): di-[x]-i êngg.pc dièsêmi; kc. èsêm.
epah: (-an) k opah(-an).
èpèh: kn 1 drêngki, srèi; di-[x]-i: dibèki, diêpèk (ing liyan dening kêsrèèn).
èpèk: kn 1 sabuk kang digawe bludru, wlulang lsp. diubêdake ing sajabaning sêtagèn (lonthong); 2 (ut. sabuk [x]) êngg. sêtagèn, lonthong; 3 êngg. sisir (lirangan gêdhang).
èpèk-èpèk: kn lumahing tangan.
èpi: kw. ak ngimpi.
èpyèk: (-èpyèk) kn katon ribut arame (nanging sêthithik tandange).
epok: kn wadhah kinang (kalêbu upacara).
epor: êngg. kn krasa kêndho sarta pêpês sikile.
era: êngg. kn rikuh, isin.
era-èru: kn gègèr.
erak: kn gêrok, klêkêr-klêkêr swarane.
eram: kn 1 gumun bangêt; 2 êngg. pc. bangêt; ng-[x]-[x]-ake: nggumunake; pang-[x]-[x]: kaelokan, mukjijat.

erang: I [x]-[x] kn 1 bngs. tutup-keyong; 2 ak. pêpacuh, pêpeling; di-[x]-[x] ak: dielikake sarana têmbung pêpoyok. II kw. ak: wirang, isin.
erangan, kerangan: kn. ak dina sangawara kang kaping nêm.
erawati: kw. ak blêdhèg.
(èrèd): di-[x]-[x] êngg. pc disèrèt, digèrèt; kc. èrèt.
èrèk: ut. [x]-[x]-an kn padha dene nyêdhak mlaku ngewas (arêp tarung lsp. tmr. jago, uga ent).
èrèng-èrèng: êngg. kn pèrèng (ing gunung, jurang); kc. ngèrèng.
èrèp: kn. ak ering, rada wêdi.
(èrès): di-[x] êngg. kn diiris.
(èrèt): di-[x] kn: disilih sêdhela; 2 pc. (ut. di-[x]-i) disuda sêthithik, digêmèni sarana dilongi sêthithik; kc. èrèd.
èrêk: kn erak.
èrêm: ut. biru [x] kn èmu kulite (marga diantêmi lsp).
èrêp: (W) kn pakarangan.
èrgêlèk: kn bngs. gêndul wadhah inuman kêras.
èr-gêni, èr-kêmbang, èr-laut: kn ar. intên.
èrgulo: kn. ak mawar.
ering: kn rada wêdi (dening kalah prabawa lsp); di-[x]-i: diwêdèni; kc. kèringan.
èrloji: kn jam.
èrmawar: kw mawar.
èrmoni, èrmonikah: (W) kn ar. unèn-unèn wêton Eropah.
èrnawa: kw sêgara.
eruh, eroh: I êngg. kn. ak bingung, ewuh-aya. II. êngg. pc: wêruh.
erok-erok: êngg. kn 1 serok (diango nggêgorèng lsp); 2 ethok-ethok.
èrtali, èrtambang: kw kali.
ès: (W) kn banyu kênthêl (njêndhêl).
esak: kw. ak endah, asri.
èsèl: I êngg. kn mêntês, aos. II (W) kn: piranti ing ril sêpur dianggo ngêlih lakuning sêpur. III pc: èngsèl.
èsèk: êngg. kn erak, èrêk.
èsêm: kn guyu mung katon ing sêmu; di-[x]-i: 1 diajak mèsêm; 2 ent. digêguyu, diewani; kc. mèsêm.
(èsi): di-[x](-[x]) kn. ak dierang-erang, dipoyoki.
esih: êngg isih.
èsmu: kw sêmu, katone kaya.
esuk: n. enjing k wayah ngarêpake plêthèking srêngenge têkan kurang-luwih jam 9; di-[x]-i ak: ditêkani (ditandangi lsp) ing wayah esuk; di-[x]-ake ak: ditutugake têkan esuk; kc. besuk, sakesuk, sesuk.
esuk-sore: kn 1 ar. kêmbang; 2 saparo lan saparone seje bathikane (tmr. ikêt, sarung).
esun: êngg aku.
esok: êngg esuk.
èsprès: (W) kn (sêpur) rikat.
èstu: ut. sa-[x] k 1 sida; 2 nyata; dièstokake: dituhoni, dilakoni têmênan (tmr. dhawuh lsp); kc. pangèstu.

èstri: I k wadon. II dièstrèni kn: didêdêgi ing (jumênêngan lsp).
èstha, èsthane: (kaya) êngg. ak rupane kaya, saèmpêr kaya, dipêtha kaya.
èsthi: I kw: maksud (karêp), sêdya, jangka, niyat. II kw: gajah; kc. asti.
etang: k etung.
(ete): ri-ètèk-ètèkake pc.diwêtokake nganti katon mete-mete; kc. mete.
(ètèg, êtèg): di-[x] êngg. kn. diatag.
eteran kn. ak. klithikan.
ètêl: êngg. kn. 1 atos padhêt; 2 ([x] atine) tatag sarta kêndêl.
etung: n etang k. 1 cara nyumurupi kèhing barang (dhuwit lsp); 2 (ut. [x]-an) kawruh (piwulang) bab nyumurupi
--- 117 ---
kèhing barang lsp; ora [x], ora ketung: ora prêduli sênajana ...; di-[x]: 1 disumurupi cacahe (kèhe), diwilang; 2 digolongake marang, klêbu ing wêwilangane; kc. ketung, petung.
etol-etol ~ (êbon).
etol-etol: kn. sajak rêkasa ênggone mlaku (kêgêdhèn bokong); kc. ketol.
eca: k. enak.
ece: kn. kece; 2 êngg. kêthip; di-[x] ([x]) êngg: diiwi-iwi, dicampahi kanthi pratingkah sing ngewak-ewakake.
ècèr: diêdol [x](-an) êngg. 1 diêdol saka sêthithik; ng-[x]: tuku saka sêthithik; di-[x]-[x]: diawut-awut mrana-mrana; di-[x]-ake: diêdol eceran; kc. kècèr.
(èthèh): di-[x]-[x]-ake pc dikatonake (tanpa ditutupi); ng-[x]-[x] êngg: têturon mlumah.
èthèk: êngg. kn cêthèk.
èthèng: kn. 1 ak. anggar tangkis-tangkisan; 2 (ut. ng-[x]) êngg. ngèyèl, nggêgêgi panêmune dhewe; di-[x]-[x]-ake pc: dièthèh-èthèhake.
(èthèr): [x]-[x] pc. wilahan lsp. dianggo gawe swara (dipasang ing rodha pit lsp); di-[x]-[x]-ake pc. digawa mrana-mrana (tmr. wadi).
èthès, ethor, ethos êngg. pc. ks. bisa.
(ethok) I [x]-[x] kn. pawadan, api-api, ora têmênan. II di-[x]-ake kn: ditrap (dipasang lsp) marêp dadi katon cêtha; kc. methok.
ewa kn. katon ora sênêng marang liyan; diewani: ora disênêngi; ngewak-ewakake: (solah-tingkahe) njalari ewa; dadi pangewan-ewan br: akèh kang padha ngewani.
ewadene: kn. (sênajana ...) nanging mêksa.
ewah: k. owah.
ewa mêngkono: n. ewa mêkatên k. (sanadyana ...) nanging mêksa ...
ewan: I kn. ak. sênêng ewa marang. II kn. ak: kewan.
ewang: I êngg. kn. edhang. II di-[x]-i êngg. pc: direwangi.
ewa sêmono: n. ewa samantên k. (sênadyana ...) nanging mêksa ...
ewa sapunika: k. ak. ewa samono.
(èwèg): di-[x]-[x] êngg. kn. 1 tansah digawa mrana-mrana (bocah cilik); 2 dièyèng-èyèng wong akèh.

(èwèk): I di-[x]-[x] êngg. pc. dièwèg-èwèg. II di-[x]-[x] (ut. dièwèng-èwèng) kn. ak: dicènèng-cènèng mrana-mrene.
(èwèr): di-[x]([x]) kn. 1 ditarik sarta diulur-ulur (tmr. barang sing dawa); 2 dipêgat nanging ora diwènèhi layang pêgat (tmr. wong wadon); 3 êngg. pc. dièedharake (dikandhakake) mrana-mrana.
èwêd: k. ewuh.
èwêg: êngg. kn. ak. ribêd, pakewuh.
èwêh: kw. ak. ewuh, pakewuh, angèl.
èwu kn. 10 atusan; rong [x]: 2000; diewokake: dilêbokake ing golongane, dietung klêbu marang; kc. sèwu, ewon.
ewuh: n. èwêd k. 1 lagi nindakakake pagawean; 2 duwe gawe; 3 (ut. [x] pakewuh) ribêd atine; 4 ak. ora gampang ditindakakake (diliwati lsp, marga ana sing ngrèwangi); [x]-[x] ak: duwe gawe; di-[x]-[x]: dingèl-ngèl; di-[x]-x]-i (dipun-pakèwêdi k): diribêdi, dialang-alangi, dingèl-ngèl; kc. kèwuhan, pakewuh.
ewuh-aya kn. ak. pakewuh bangêt.
ewoh êngg. ewuh.
ewon: kn. pirang-pirang èwu; ewone: diewokake marang, klêbu golongane; kc. èwu.

Ê

(êbab): di-[x]-i kn. 1 didokoki bab; 2 diwatoni; kc. bab.
êbak: pc. kêbak.
(êban): di-[x] kn. diblêbêd ing ban; kc. ban II.
(êbang): I di-[x] kn: (yèn bisa nindakakake) bakal diwènèhi ganjaran; di-[x]-ake digantungi ganjaran. II di-[x]-ake kn: dilêbokake (dititipake) ing bang.
(êbas): di-[x](-i) kn. digarap kanthi bayaran sawise rampung; 2 ditêbas; 3 pc. dilurahi; kc. bas, bas-basan.
êbèk: êngg. kn. barang darbe, hak; di-[x]-i: diêpèk, diaku.
êbèng: êngg. kn. panyêluk marang bocah wadon; kc. jêbèng.
êbêk: kn. ak. kêbak.
(êbyak): di-[x](-ake) kn. dibukak (diwêngkangake) mbladhah; kc. byak.
(êbyar): ng-[x] kn. mêlèk nganti esuk; di-[x]-ake pc: diêlèkake matane; kc. byar.
(êblag): ng-[x] kn. mênga (ora katutupan apa-apa); di-[x](-ake): 1 diwêngakake (dibukak) mbladhah; 2 ent. diwadhèhake, diwêdharake (tmr. wadi): kc. blag.
êblak: kn. pola (dianggo mbêdhahi klambi lsp).
(êblêg): di-[x]-i kn diêntêbi ing watu lsp; kc. amblêg, blêg.
(êblêng): di-[x]-ake pc dilêbokake (dipasokake, diaurake lsp) kabèh.
(êblês): di-[x]-ake kn ditancêbake nganti amblês; kc. amblês, blês.
(êblong): di-[x]-ake kn dilêbokake (didudulake) nganti bolong; kc. amblong, blong.
(êbuh): di-[x]-ake kn dibubuhake marang, dipasrahake (tmr. pagawean).

êbuk: I kn buku; kc. buk. II di-[x]-ake kn: diêdol padha karo ênggone kulak; kc. buk.
(êbur): di-[x] kn dijara; kc. bur.
(êbut): di-[x] pc ditandangi ing wong akèh; kc. buk.
(êbod): di-[x]-i(-ake) kn disahi (dilunasi) kabèh; kc bod.
(êbog): di-[x] êngg. pc ditêbas; kc. bog.
(êbon): di-[x] kn 1 dituku pambayare kèri; 2 pc. dijaluki sraya, disambat (bal-balan lsp); kc. bon.
--- 118 ---
(êbong) ~ êtap.
(êbong): di-[x]-ake êngg. kn diturokake (bocah cilik); kc. bong.
(êbot): di-[x]-i n. dipunawrati k1 diwuwuhi bobote; 2 (ut. di-[x]-[x]-i) diwuwuhi rêkasane (sêngsarane); di-[x]-ake: dianggêp luwih pêrlu; kc. abot, bot.
(êbrèh): di-[x](-[x]) kn ora digêmèni, ora ditanjakake; kc. brah-brèh.
(êbrug): di-[x] kn dipadhêtake nganggo brug; kc. brug.
(êbruk): di-[x](-ake) kn 1 dirubuhake nganti ambruk; 2 disèlèhake bae tanpa ditata (ut. dibanting); di-[x]-i pc: dipêksa dikon ningkah (prawan mêtêng lsp); kc. bruk.
(êbrok): ng-[x] ks ndhodhok têrus ngising (saênggon-ênggon); di-[x]-i: dijègi, didhoki.
êdak: kn. ak ambêk sawênang-wênang marang liyan; di-[x](-i) êngg: diidak; ng-[x]-[x]-ake ak: umuk, ngêdir-êdirake, kc. dak.
êdar:-êdir kn ambêk sawênang-wênang, umuk; kc. dakdir.
(êdal): dipun-[x]-akên êngg. k diwêtokake; kc. wêdal.
(êdang): di-[x] n. dipunbêthak k diliwêt nganggo dandang; kc. adang, dang.
êdêd: kn. ak mubêng ngganjrêt; kc. mêdêd.
(êdêg): di-[x]-i pc didokoki apa-apa sing ngadêg; kc. adêg, dêg.
(êdên): ng-[x] kn nyêngkakake wêtuning sêsukêr (uyuh) sarana ngampêt napas; di-[x]-ake: dipêtêlake kanthi ngêdên.
edir: kn. ak umuk bangêt; kc. dir.
(êdu): di-[x] pc ditarungake, digathukake; kc. adu, du.
êduk: kn tapas arèn; kc. duk.
(êdum): di-[x] kn dibage wrata; kc. andum, dum.
(êdus): di-[x] kn dilapis ing êmas lsp; di-[x]-i: disirami ing banyu; kc. adus, dus.
(êdoh): ng-[x] n. nêbih k sumingkir adoh; kc.adoh, doh.
(êdol): di-[x] didol; kc. adol, dol.
(êdom): di-[x]-i pc didondomi; kc. dom, dondom.
(êdrèl): di-[x](-i) kn diurmati sarana unining bêdhil; kc. drèl.
(êjag): di-[x]-[x] pc diidak-idak.
(êjak): di-[x] pc diajak.
(êjar): di-[x]-ake êngg. diuja, disêkarêp, ditogake bae.
(êjèg): di-[x]-i kn disur nuli diênggoni; kc. jèg.
(êjêk): di-[x] êngg. kn diajak.
(êjèr): di-[x](-i) kn diluluh supaya ajèr; kc. ajèr.

(êjip): di-[x]-ake pc dijagakake, dipêsthèkake.
(êjit): di-[x] êngg. kn diyat, diuthut (tmr. kêrtu).
(êjum): di-[x](-i) kw 1 ditata manèh; 2 dibênakake; kc. jum.
(êjur): di-[x] kn dirêmuk, diluluh; kc. ajur.
(êjog): di-[x]-i kn 1 diwuwuhi sarana disoki (diilingi) manèh; 2 pc. ditomboki, ditalangi, dibayari dhisik; kc. jog.
(êjor): di-[x]-ake êngg diuja, ditogake bae; kc. jor.
(êdhag): di-[x]-ake kn dilowoki, dilowongi (ênggone rundha lsp); ng-[x]-[x] pc: tanpa keyuban apa-apa.
(êdhak): dipun-[x]-akên êngg. k diudhunake.
(êdhèng): ng-[x] êngg. kn ngêblak, ora ditutupi; di-[x]-[x]-ake: dikaton-katonake (ora digawe wadi).
(êdhêg): ng-[x]-[x]-i kn njalari dhêg-dhêgan.
(êdhêm): di-[x](-ake) n. dupunasrêpakên k disarèhake lsp. supaya adhêm; kc. adhêm.
(êdhêp): di-[x] pc diadhêp.
(êdhuk, êdhun): di-[x]-ake pc diudhunake; kc. udhun.
êdhok: êngg. kn dhok.
(êdhot): di-[x] kn diombèni nganggo dhot (tmr. bayi).
êgag: êngg. kn rêgag, ora tahan.
êgah: êngg. kn wêgah.
(êgak): di-[x] kn diina, dirèmèhake; kc. agak, anggak.
(êgar): di-[x]-ake kn 1 dibukak njêplak (tmr. payung lsp); 2 dijêbèbèhake njênggar (tmr. tangan lsp); kc. mêgar.
(êgas): di-[x](-i) êngg. kn digêrtak diwêdèni.
(êgèt): ng-[x] êngg. kn kanthi dadakan; kc. gèt, kagèt.
(êgul): di-[x]-[x]-i kn dialang-alangi lakune, diêndhêg-êndhêgi; kc. gul.
(êgung): di-[x]-ake kn 1 dibêndung lsp. supaya mambêg lan gêdhe banyune; 2 diunggul-unggulake; kc. agung, gung, mêgung.
(êgoh): di-[x] pc dirogoh.
(êgol): di-[x](-i) kn disongkèl(-i), diantru; di-[x]-[x]-i: 1 dipagoli; 2 diwurungake karêpe; kc. gol, kagol.
(êgong): di-[x]-i kn dipada sarana unining gong (tmr. gêndhing); 2 ent. diiyani; kc. gong.
(êgop): di-[x]-i êngg. kn disêlani ngaso sêdhela.
êh: pc sabawa nelakake ora jodho lsp.
(êyog): di-[x] kn dioyog-oyog (wit. lsp).
(êkèh): di-[x]-i n. dipunkathahi k diwuwuhi kèhe; kc. akèh, kèh.
(êkèk): di-[x]-i pc diwênêhi.
(êkul): di-[x] kn disêpèlèkake sarta disawiyah-wiyah.
(êkum): di-[x] kn dirêndhêm ing banyu; kc. akum, kum.
(êkur): di-[x](-[x])-i kn diundang karo diwur-wuri pangan (tmr. pitik).
êkol: kn (slamêtan [x]) slamêtan taunan (tmr. wong mati).
(êkon): di-[x] pc dikon; kc. akon, kon.
êkor: kn tuma cilik.
(êkrok): di-[x]-ake pc diêgarake; kc. mêkrok.
(êla): di-[x]-[x] kw dilêlithing, digêmatèni bangêt.

êlak: I êngg. kn anjoging kalenan. II kn: bngs. jabung; di-[x]: dirakêtake nganggo êlak; kc. lak.
êlap: kn 1 gombal lsp. dianggo usap-usap;
--- 119 ---
2 dluwang dianggo ngêpèl tulisan mangsi, kc. lap.
êlar ~ êmbês.
êlar: I kn lar. II di-[x](-ake) kn: diambakake; kc. mêlar, wêlar.
êlas: kn kc. las.
(êlat): di-[x]-i kn. ak dilowongi, didhagake.
(êlèh): di-[x] êngg. pc diêlih.
êlèk: kc. lèk, mêlèk.
êlèng: kn lèng; ng-[x]: mlêbu ing lèng; kc. lèng.
(êlèr): di-[x] kn dilèr; kc. lèr.
(êlès): d-[x] kn diincêng; kc. lès, lesan.
(êlêb): di-[x]-i kn diilèni banyu; kc. lêb.
êlèd: kn tilas kêkèrèning rasa (ing gorokan); [x]-[x]: gurung dalan pangan; di-[x]: diulu, diêlêg; kc. lêd.
(êlêm): di-[x] pc dialêm.
(êlên): di-[x] kn. ak diulu.
(êlêng): di-[x]-ake kn (pikirane) diênêrake marang; kc: mêlêng, pêlêng.
êlêr: kn ijèning rambut (bocah lsp); di-[x]-i: dibathik wangun corèk nggalêr; kc. lêr, lêr-lêran.
êlêt: kn lêt.
êlid: kn lid.
(êlih): di-[x] n. dipunpindhah k digawa mênyang ing liya panggonan; kc. alih, lih.
(êlik): ng-[x] kn nywara sêru larase dhuwur (cilik).
êlim: kn lim; di-[x]: ditèmplèkake nganggo lim.
(êlir): di-[x]-ake kn dilirwakake, ora digugu.
êlis: kn kc. lis.
(êlud, êlod): di-[x] êngg. kn dioyak têrus; kc. anglud, lud.
êluh: kn banyu saka ing mata; kc. luh.
êluk: kn luk; di-[x]: dibêngkuk, ditêkuk; kc. luk.
êlun: kn wis misuwur alane; di-[x] ak: diirup dikumpulake; kc. lun.
êlung: I kn pucuking pang nom; kc. lung. II di-[x]-i(-ake) pc: diulungi(-ake).
êlur: I kn cacing (ing lêmah). II di-[x] pc. ak: diêlus-êlus.
(êlus): di-[x] kn 1 digosok (diusap-usap) supaya alus; 2 (ditanduki lsp) sarana alus; di-[x]-[x]: digosok-gosok (diusap-usap) kanthi sarèh.
êlo: I kn sabawa nglokake, kagèt lsp. II kn: ar. wit bngs. wringin wohe gêdhe-gêdhe.
(êlob): ng-[x]-[x] kn pucêt sêmu ijo (tmr. praèn).
(êlog, êlud): di-[x] êngg. kn dioyak; kc. anglud, lud.
êloh: kn akèh banyune sarta subur (tmr. palêmahan); kc. loh.
(êlok): di-[x]-ake kn 1 dibêngoki marga konangan; 2 diaruh-aruhi marga ana cacade; kc. alok, lok.

êlom: kn 1 pucêt ngêlob-êlob; 2 êngg. ngalih.
(êlon): di-[x]-[x] kn ditindakake kanthi alon; kc. alon, lon.
(êlong): di-[x](-i) kn disuda (dijupuk) sêthithik; 2 dikurangi; kc. long, kalong.
(êlos): di-[x] kn dilironi, ditêmpuhi; di-[x]-ake: kc. los.
êlot: kn timah gilig lancip digandhulake kanggo nyumurupi jêjêg lan orane (piranti tukang batu); kc. lot.
(êma): di-[x]-[x] kw digêmatèni lan didêdama.
êmak: I êngg. kn biyung, êmbok. II di-[x]-[x] kn. ak: digrayang lan dipijêt-pijêt kanthi sarèh.
êmal: I kn pola, blak; di-[x]: 1 dipola, diblak; 2 pc. dietung, ditêksir. II di-[x](-[x]) êngg. pc. diêntèk-êntèkake (tmr. darbèking liyan).
êmar: êngg. kn 1 saèm. cape; 2 tanpa daya; 3 (ut. ng-[x]-[x]-i) atine nratab (kuwatir).
êmas: n. jêne k ar. logam warnane kuning; kc. mas.
êmat: pc 1 nikmat; 2 wis cêtha bangêt pangincênge (tamat); di-[x]-ake pc: 1 dirasakake bangêt; 2 ditamatake.
êmbag: I kn. ak lêmah jêjêmbêgan (rawa). II êngg. kn: mangsi Cina; kc. bak.
êmbah: kn. eyang ki wong tuwane bapa ut. biyung.
(êmbak): di-[x]-[x] êngg. kn dirêmêk-rêmêk, dirêmuk.
êmban: kn 1 abdi pamomong; 2 wong kang dadi sêsulih nindakake (marga kang baku nindakake isih durung umur); [x]-[x]: slendhang; [x] cindhe [x] siladan pr: ora adil pangrêngkuhe; di-[x]: digawa nganggo slendhang didokokake ingiringan ut. ing ngarêp; ng-[x] dhawuh br: nglantarake dhawuh; di-[x] ojong(-ujung): (bocah) diêmban sikile karo pisan nggêjojor dadi siji; di-[x] pèkèh: (bocah) diêmban sikile ngêthapêl; di-[x]-i: 1 diêmong ing: 2 dilagani (disulihi) ênggone nindakake pangkat marga durung umur; 3 ditrapi êmbanan; [x]-an: blêngkêraning ali-ali kang ditrapi mata (intên lsp).
êmbang: êngg. kn ing sisih ...
êmbar: (-e) êngg: karêbèn ...
êmbat: êngg. kn kayu dawa glogoring krêtêg ut. bêndungan; di-[x]: 1 dipênthang (tmr. gêndhewa), diayati arêp ditamakake (tmr. tombak); 2 diêntul-êntul (tmr. pikulan lsp, arêp dicoba kuwat lan orane); 3 br. ditimbang-timbang, dirêmbug wong akèh, disangga; [x]-an êngg: pikulan; kc. mêmbat.
êmbèk: I kn 1 swara unining wêdhus; 2 pc. trima kalah; [x]-[x]-an pc: gêlutan dolanan bocah (sing kalah muni êmbèk). II ut. êmbik êngg: ing sisih ... II êngg. pc: karo, kambi.
êmbèn: kn (ut. besuk [x]) dina candhake sesuk; dhèk [x]: wingènane; kc. (m)bèn.
êmbèn buri: n. êmbèn wingking k ing têmbe besuk.
êmbèng: êngg. kn pêdhèt (anak sapi).
êmbêg: (-êmbêgan) kn palêmahan jêjêmbêgan, bladêran.
êmbêl: (-êmbêl) kn rawa kang jêro.
(êmbêr): ng-[x] kn têlês ngêmu banyu.

êmbês: (ng-[x] kn 1 tambas mêtu banyune; 2 pc. ngêmu banyu (tmr. lêmah lsp); [x]-[x]-an: 1 banyu kang ngêmbês,
--- 120 ---
lêmah kang ngêmbês; 2 pamêtu mirunggan.
êmbêt ~ (êmpèt).
êmbêt, êmbêd: êngg. kn êmbêg-êmbêg.
êmbik, êmbing: êngg. pc ing sisih.
(êmbil): di-[x] êngg 1 dijupuk, dipèk; 2 dipêthik; 3 pc. didhèp, dicèp.
êmbing-êmbing: kn ari-ari.
êmbir: êngg. kn ing sisih ...
(êmbyah): di-[x]-[x] êngg. pc: 1 dijlajahi, diênjah-ênjah; 2 digêbyah, dicaruk; kc. byah, gêbyah.
êmblèng: êngg. kn êmplèk, lapisan kandêl; di-[x]-[x]: 1 ditèmplèk-tèmplèkake (tmr. lêmpung lsp); 2 pc. dipacak-pacak; [x]-[x]-an: 1 pirang-pirang êmblèg, êmplèk-êmplèkan; 2 lêlapisan kandêl-kandêl; 3 pc. sarwa bêcik lan akèh rêrênggane (sandhangane).
êmblog: I kn (sa-)gulung tmr. lawon ut. sêmbagi. II di-[x]-[x](-i) pc: dipopok, ditembok.
êmbuh: n. kilap k. duka-dalêm ki: 1 ora wêruh; 2 ora têrang, ora kasumurupan têrang (kèhe, rêgane lsp); di-[x]-i ak: diwangsuli êmbuh; [x]-[x]-an: durung mangêrti (karuwan).
êmbuk: êngg. kn êmpuk; [x]-[x]: bngs. urèt; ng-[x]-[x]: êmpuk bangêt (sêmu isi banyu).
(êmbun): di-[x] kw 1 disunggi; 2 dipundhi (tmr. dhawuh lsp); [x]-[x]-an kn. (pa-) sundhulan ki: lêlowahaning balung ing sadhuwuring bathuk (tmr. bayi sok gêndut-gêndut).
(êmbur): ng-[x]-[x] êngg. kn gêmbur-gêmbur.
(êmbus): I ng-[x]-[x] kn katon pucêt lêlaranên. II [x]-an êngg. kn: têmbusan, bolongan.
mbut[1] : I kn êmpuk gênjur-gênjur (tmr. wowohan lsp); [x]-[x]-an: woh-wohan) kang digawe êmpuk; kc. mêmbut. II êngg. kn: banjur, têrus, nuli; kc. but.
êmboh: êngg. pc êmbuh.
êmbok: kn biyung; kc. bok.
êmong: êngg. kn biyung.
êmbrèh-êmbrèh: pc apa-apa sing ora pêrlu.
êmbritan: êngg. kn kêbon; kc. buritan.
(êmèk): di-[x] êngg. pc dijupuk, dipèk; di-[x]-[x]: didumuk-dumuk; di-[x]-[x]-i: digrayangi.
êmèl: I kn rapal, donga; di-[x]-i: didongani, dirapali. II di-[x] pc: dilapurake.
êmèn: êngg. pc karêbèn.
(êmèl): di-[x] êngg dijupuk, dipèk.
(êmêk): di-[x]-[x] kn dicêkêl lan dipijêt-pijêt.
êmên: êngg. pc têmên; di-[x]-[x]-ake: ditindakake kanthi têmên-têmên, dipêrlokake bangêt.
êmêng: êngg. kn wêgah.

êmêr: êngg. ak bngs. sabuk.
(êmi): di-[x]-[x] kn dieman-eman bangêt, dirumat pêrmati.
êmik: pc nusu, ngombe (têtêmbungane bocah cilik); di-[x]-i: disusoni, diombèni.
êmil: I di-[x]-[x] pc dipangan saka sêthithik. II (ut. mil) (W) kn: ukuran dawa (1609 m). III (ut. mil) kn: 1 kreta pos; 2 layang-layang kiriman mêtu ing kapal.
(êmin): di-[x] kn dinunuti nganggo (maca tmr. koran).
êming: pc mung; di-[x]-ake pc: dirèmèhake.
(êmis): ng-[x] kn pêpriman, njaluk dana; di-[x]-i: dijaluki dana (darma).
êmud, mud: kn ukuran bêras lsp. satangan dicêkodhongake.
(êmum): di-[x](-i) pc dinunuti (dijaluki) bêrkah; kc. makmum, umum.
èmung: pc mung; ng-[x]-ake: mligi mung.
êmur: I (ut. mur) kn bngs. sutra sinulam bênang mas. II (ut. mur) kn: gêrêtan ing sêkrup.
(êmut): di-[x] kn diakêp ing cangkêm; kc. mut.
êmoh: I pc ora gêlêm, ora arêp; di-[x]-i pc: ditampik; ng-[x]-i br: akèh bangêt (tmr. wowohan lsp). II di-[x]-ake pc: disuwèkake (tmr. jarit lsp) kc. amoh.
êmon: êngg. kn karêbèn.
êmon-êmon: kn panganan kang disimpên sêdhiyan dhayoh lsp.
êmong: I di-[x] kn 1 dilagani (diênêng-ênêngi lsp) supaya ora kagol atine (tmr. bocah cilik); 2 diênut ing sakarêpe, diati-ati bangêt murih ora kagol; kc. among, momong.
êmor: kn. ak awor karo; di-[x]-i: dicampuri, ditunggali (dikancani); kc. amor, mor, awor, wor.
(êmot): I ng-[x] n. ngêwrat k momot, nggêgawa (isi) apa-apa; 2 isi (nyêbutake) bab (tmr. layang, koran); di-[x](-ake): 1 digawa ing kreta, grobag lsp; 2 dipacak ing (koran, layang); kc. amot, momot. II di-[x] êngg. kn: diêmut.
êmpak: pc njaluk gêni (ing nalikane arêp udud); di-[x]-ake: 1 dinyunyukake supaya nular (tmr. gêni); 2 êngg. ditamakake (tmr. gêgaman), dicakake (tmr. têtêmbungan); kc. êmpan, mêmpan.
êmpal: kn iwak daging gorèngan; [x]-[x]-an pc: umpuk-umpukan.
êmpan: kn 1 êngg. pakan; 2 êngg. pakan ing pancing; 3 tumanduk, cak-cakane up. pèn iki [x]-e bêcik; 4 pc. bisa murub (bisa kobong); [x]-[x]: 1 urub-urub (apa-apa sing dianggo ngurubake); 2 bêbuka ut. jalaran ing gunêman (rêmbugan); nganggo [x]-[x] ut. nganggo [x] papan pr: nganggo dirêmbug dhisik apa (sapa) kang bakal dijak rêmbugan lsp; di-[x]-i êngg: dipakani; kc. êmpak, mêmpan.
êmpas: êngg. kn ampas.
(êmpèk): di-[x] êngg. kn dipèk, dijupuk; ng-[x] êngg: nunut, mèlu nunut; ng-[x]-[x]: ngrêrampèk supaya olèh sih.
(êmplèng): ng-[x] kn nusu dudu biyunge, nusu gabungan; di-[x]-i: 1 disusoni ing wong liya; 2 disusoni gabungan.
(êmpèt): [x]-[x]-an êngg. kn pèpèt-pèpètan, suk-sukan.
--- 121 ---

(êmpêl) ~ êndhas.
(êmpêl): di-[x]-i êngg. kn diampêli (tmr. gêni)
(êmpên): ng-[x], mêmpên kn 1 ora lunga-lunga saka ing omah; 2 ora royal.
(êmpêt): di-[x] pc diampêt.
êmping: kn ar. panganan sing digawe pari ênom, mlinjo lsp. digaringake; di-[x]: dijaluk sêthithik bayarane (sadurunge rampung garapane); di-[x]-i: diwènèhi êmpingan; [x]-an: dhuwit utangan saperangan saka bayaran kang bakal diwènèhake.
(êmpir): ng-[x]-[x] pc nglêmpèt marga ngêlih (tmr. wêtêng).
êmpis: êngg. kn têgêsan (rokok); kc. mêmpis.
êmpyak: kn 1 pring (kayu, usuk, rèng) raganganing payon; 2 payon aling-aling dhêdhêran têmbako; kêgêdhèn [x] kurang cagak pr: kêgêdhèn panjangka kurang sêmbada.
(êmplah, êmplak): ng-[x]-[x] êngg. kn ngênthak-ênthak ora tinanduran (tanpa eyub-eyub); kc. mêmplak.
(êmplang, êmplong): di-[x] êngg. kn diwêngakake ngêblak (tmr. lawang); diêmplang-êmplangake pc: diênthang-ênthangake ing panasan.
êmplèk: kn 1 êmblèg (batan trasi lsp); 2 êngg. gubalan sukêt; [x]-[x]-an: pating trèmplèk akèh.
êmplèng: êngg. kn êmplèk.
(êmplêp): di-[x] pc. kn diêpèk ora dibalèkake marang kang duwe.
êmpluk: kn: wadhah sing digawe lêmah wangune kaya kêndhil cilik.
(êmplok): di-[x] kn dilêbokake ing cangkêm têrus dipangan; (sa-)[x]-an: pangan salêbon.
êmpu: kn 1 lajêring kunir (kêncur lsp) kang gêdhe; 2 br. wong kang pinunjul (ahli, pandhe, pujangga); 3 êngg. ak. pandhe; kc. êmpon-êmpon.
êmpuk: kn 1 ora atos; 2 pc. gampang dijêjaluki; di-[x] pc: diglêmbuk; di-[x]-i pc: ditanduki ing têmbung manis; 2 ent. digêgampang.
êmpun: k. pc 1 wis; 2 aja; kc. sampun.
(êmpus): di-[x] êngg diububi, didamu sêru; [x]-an êngg: ububan; kc. kêmpus.
(êmput): dudu [x]-[x]-e pc ora mantra-mantra padha; kc. amput.
(êmpog): di-[x] êngg.pc têrus dianggo bae (tmr. sandhangan).
(êmpok): di-[x](-i) kn diêntuti (dibêkêmi êntut irunge).
êmpol: kn cêmpoling krambil sing êmpuk; [x] pinecok pr: gampang bangêt.
êmpon-êmpon: kn (jamu) oyod-oyodan, kc: kêncur, jae lsp.
(êmpot): di-[x] êngg: disêrot (tmr. rokok).
êmprah-êmprah: (-an) êngg. kn 1 pating klarah ana ing lêmah; 2 (ut. ngamprah) nglênthar (ora srêgêp ênggone tumandang).
(êmprak): ng [x]-[x] kn bênthèt (sigar) amba.
(êmprèh): di-[x]êngg. pc dianggo padinan (tmr. sandhangan).

(êmprèt): ng-[x] kn nywara prèt-prèt (gajah lsp); di-[x]-i: diwangsuli ing swara prèt-prèt (nggabêrake lambe mratelakake ora ngandêl, maido, nyêpèlèkake).
(êmprêt): ng-[x] pc mlayu bantêr; di-[x]-i pc: diêmprèti.
êmprit: kn ar. manuk bngs. manuk glathik, greja lsp.
êmprit-gantil: kn 1 manuk kêdhasih; 2 rêrêngganing tumpang omah joglo dumunung ing pojokan.
ênak-ênik: pc mikir (ngetung lsp) kalawan tlatèn: kakehan ênak-ênik pc: kakehan rêmbug; kc. ênik.
ênal: kn. ak sêpêt (gombal, dluwang) dianggo isèn bêdhil lantakan.
(ênam): di-[x] pc dianam.
ênar-ênir: kn. ak tansah sumêlang sarta kuwatir.
ênda, êndah: kw. ak lah, banjur, mêngkana.
êndak: (-iya) êngg. pc andak iya.
êndan: kw. ak lah, banjur, mêngkana.
êndang: pc enggal; kc. andang.
(êndat): di-[x]-[x] êngg. kn diêntul-êntul; kc. mêndat.
êndat-êndut: (-atine) êngg mangga-mara, gojag-gajêg.
(êndèl): di-[x]-i êngg. pc dipêndèli.
(êndêl): di-[x] kn diandêl, dipracaya.
(êndêm): di-[x]-i kn diombèni lsp. supaya mêndêm; kc. mêndêm.
êndi: (ut. sing [x]) (ingkang) pundi k pitakon nggênahake barang, up. [x] wonge, dhuwite; ingêndi n. ing pundi k: pitakon nggênahake panggonan.
êndut-êndut: pc mêndat gênjuk-gênjuk.
êndon: kw tuju, ênêr, sêdya; têkaning [x] br: ing wasanane (barêng tumêka ing patêmbayane); kc. don, andon.
(ênjah): di-[x]-[x] pc didlajahi (ora diurutake).
ênjêt: n. apu k jurjuran gamping (dianggo nginang); di-[x]-i: 1 dilèlèti lsp. eng ênjêt; 2 pc. diapusi.
(ênjuk): pc 1 njaluk; 2 banjur, nuli.
ênjut: êngg. pc banjur, nuli.
(ênjot): di-[x] êngg. pc digênjot, diênjot.
êndha: êngg njaluk; kc. mêndha.
êndhah: êngg. pc taklim; di-[x]-i pc ditaklimi (sarana ndhungkluk, bukak topi lsp).
êndhak: I (ut. dhak, ndhak) êngg ora. II (ut. êndhak-ene) êngg: pêndhak. III di-[x](-ake) kn: 1 diilangake (tmr. pêpenginan, kamanuhan), ditinggal (tmr. pagawean); 2 (ut. dikêndhakake) dituturi lsp. supaya suda nêpsune (kakêndêlane, kawanène); kc. kêndhak, mêndhak.
êndhak-êndhak cacing: kn ar. jamu dianggo ngilangake cacing ing wêtêng.
êndhas: n. sirah k. mustaka ki: 1 peranganing awak kang dhuwur (gandhèng karo gêmbung sarana gulu); 2 (ut. [x]-[x]-an) perangan kang ngarêp (ut. kang dhuwur) tmr. piranti lsp; 3 kang cêdhak karo

tuke (tmr. kali); 4 ak. ekan (tmr. angkaning taun); gédhe [x]-e ut. kêgêdhèn [x]: kêladuk panjangkane (ora timbang karo
--- 122 ---
kaanane): [x] digawe sikil pr: nênulungi (nyambut gawe) direwangi kêraya-raya bangêt; [x] gundhul dikêpêti pr: dhasar wis kêpenak; diulungake [x]-e digondhèli buntute pr: mènèhake apa-apa laire lila, nanging ing batin owêl.
êndhe ~ êntèk.
êndhe: I êngg. pc disesuwe; kc. rêndhe.
(êndhèg): di-[x]-[x] kn diêmplèk-êmplèk.
êndhèk: n. andhap k èndhèk.
(êndhêg): di-[x] kn: dikon lèrèn (tmr. wong mlaku ana ing dalan); 2 ditahan (ora dibanjurake tmr. prakara, layang lsp); di-[x]-i: dianggo lèrèn ing; di-[x]-[x]-i: dipêpalangi (lakune); di-[x]-ake n. (dipunkèndêlakên k): dilèrènake, dikon mandhêg; [x]-[x]-an n. pakèndêlan k: papan kang dianggo mandhêg; kc. andhêg, mandhêg, kandhêg.
êndhêk: êngg 1 cêndhak; 2 cêndhèk; [x] amun-amun: blêdug ing awang-awang (ombaking hawa kang katon ing panasan); [x]-[x]: rêrêgêd ing barang cuwèr sing tumandhêk ing dhasaring wadhah; di-[x]-i êngg: diurmati sarana mêndhak; kc. êndhêg.
(êndhêm): di-[x] kn: didhêlikake, ora dilahirake (tmr. wêwadi, nêpsu lsp); [x]-[x]-an: incim-inciman (nanging padha dene disamun); kc. pêmdhêm.[2]
(êndhêt): di-[x] pc diunthêt, ora diwènèhake.
(êndhih): di-[x] kw 1 dikalahake (diundurake) tmr. mungsuh; 2 diêsur (tmr. panggonan); kc. kêndhih.
êndhik: êngg kaprênah ing.
êndhil: êngg. kn bridhil; di-[x]-[x] pc: diêmi-êmi bangêt.
êndhuk: I kn gêndhuk. II di-[x]-[x]-i kn: dipurih supaya gêlêm mara sarana dilêleda nganggo pitik (tmr. pitik arêp dicêkêl); kc. undhuk.
êndhut: kn lêndhut, blêthok.
êndhog: n. tigan k jasad urip kang kabuntêl ing kêndhangan ut. cangkok bakal dadi kewan, up. [x] pitik, [x] sêmut; [x] satugêl: 1 wanguning cangkir lsp. kaya êndhog ditugêl; 2 kang saparo kuning kang saparo putih ut. ijo (tmr. warnaning payung); [x] sapêtarangan pêcah siji pêcah kabèh pr: padha patêmbayan sêdya sabaya-pati; njagakake [x]-e si blorok pr: njagakake prakara kang durung karuwan; pêndhita [x] pr: (wong kang) sumuci-suci; ng-[x]: ngêtokake êndhog; [x]-[x]-an kn: mung dipurih êndhoge bae ora ditêtêsake (tmr. pitik, bèbèk lsp).
êndhok: I êngg (kaprênah) ing. II di-[x]-ake êngg: didokokake, disèlèhake; kc. andhok, dhok.
(êndhong): di-[x] kn. ak 1 (ut. di-[x]-[x]) ditandho, disimpên bae (tmr. barang sing wis ora kanggo, dagangan sing ora payu); diênêngake bae (ora digarap); 3 ora disauri (ora disahi, ora dibayari).
êne: êngg. pc wènèhna (gawanên) mrene (tmr. njaluk, nampani).

ênèh, nèh: I pc manèh, tênèh. II di-[x]-i pc: diwènèhi. ênèk, nèk pc mênawa.
ênèm: k. pc nom (ênom).
(ênèt): I di-[x]-[x] diêsuk-êsuk, dipènèt-pènèt. II di-[x] pc: digarap (ditulis lsp) kalawan bêcik.
(ênêb): I di-[x] kn 1 (ut. di-[x]-ake) diênêngake sawêtara suwene, supaya êndhêg-êndhêge padha mênêb; 2 diêndhêm (tmr. wadi. nêpsu lsp); kc. mênêb. II di-[x]-i (-ake) pc: dinêbi(-ake); [x]-[x]-an: tutup ing lawang (cêndhela); kc. inêb.
ênêk: kn 1 êngg. kêsêl bangêt; 2 krasa mungkug-mungkug arêp mutah nalikane wêruh jêjênes lsp; 3 êngg. njêngêr, kamitênggêngên; ng-[x]-[x]-i: njalari ênêk.
ênêm, nêm: kn 6.
ênêng: kn ora obah (tmr. kabatinan); [x]-[x]: sarana kang gawe mênênge bocah; di-[x]-[x]-i: didolani lsp. supaya mênêng (tmr. bocah cilik); di-[x]-ake n. dipun kèndêlakên k: 1 digawe supaya mênêng (ora obah, ora nywara); 2 ora dikapak-kapakake; 3 ora diaruh-aruhi, dijothak; [x]-[x]-an: ora aruh-aruhan (jothakan); kc. mênêng, nêng.
ênêngna: br sigêg gênti kocapa.
ênêr: êngg. kn arah, tuju; ng-[x]: nuju marang; di-[x]-ake: diarahake ing, ditujokake marang; kc. pênêr.
(ênês): ng-[x] kn sêdhih bangêt (nganti mati); ng-[x]-[x]-i: njalari ngênês.
(ênêt): di-[x](-i, -ake) kn dipêtêlake.
(êni): I di-[x] êngg. diênèni kn diundhuh (tm. pari) . II di-[x]-[x] pc: diêmi-êmi bangêt, dieman-eman.
(ênik): di-[x]-[x] pc dietung (digarap lsp) kanthi tlatèn, diêmi-êmi.
êning: kw bêning (tmr. cipta); di-[x]-ake br: dibêningake (ciptane, pikirane).
ênir, nir: êngg. pc totohan sing diumbuk (tmr. main pèi).
ênu: kw dalan.
(ênung): di-[x]-[x] kn didama-dama (tmr. bocah).
(ênut, nut): di-[x] kn diturut; kc. tut.
êno: pc lo!
ênom: n. ênèm k kc. nom.
êntal: êngg. kn wit tal.
êntas: êngg mêntas bae; di-[x](-i) kn: 1 dijupuk saka ing (banyu, anglo, pamemean lsp); 2 dipitulungi (saka rêribêd, bêbaya); 3 ak. diomah-omahake; di-[x]-i ak: dirampungake (tmr. pagawean); di-[x]-ake: 1 ditulungi supaya mêntas, digawa mêntas; 2 ak. diomah-omahake; 3 dipitulungi (saka ing rêribêd, bêbaya); kc. mêntas, pêntasan.
êntèk: n. têlas k 1 wis rampung kabèh (tanpa ana turahane); 2 (ut.[x]-[x]-an) ilang (dianggo, dicolong lsp) kabèh; 3 wis rampung (tmr. pagawean); 4 ênggone nanjakake (ut. mangan), up. ênggone jajan [x] 35 sèn; wis ng-[x] pc: mumpuni (kawruhe), wis katog; di-[x]-ake: digarap (dipangan, ditindakake lsp) nganti êntèk.
--- 123 ---

êntèk atine ~ (êngêt).
êntèk atine: n. têlas manahipun k nratab, ilang kakêndêlane.
êntèk ênting: (-êntung) pc êntèk babar pisan.
êntèn-êntèn: kn ar. panganan.
(êntêb): ng-[x] kn nênibani nganggo barang kang abot: di-[x]: diêntas banjur dirèrènake sêdhela supaya adhêm lan gampang dikêdhuk (tmr. liwêt); di-[x]-i: ditibani ing barang kang abot; di-[x]-ake: 1 ditibakake ing (tmr. barang kang atos); 2 ditrapake ing anglo ut. kêrên (tmr. kêndhil lsp); kc. antêb, kantêb.
êntês: êngg êntas, mêntas.
(ênti): diêntèni n. dipunêntosi k ditunggu têkane; kc. anti.
(êntih): di-[x] kn diantih; kc. antih
ênting: pc êntèk.
êntul: kn jontrot (ent. dolop); kc. mêntul.
êntung, êntèk-êntung: pc êntèk babar pisan.
êntup: kn antup; di-[x]: diantup.
êntut: ki. sarib kn angin kang mêtu saka ing jubur; ng-[x] kn. sarib ki: ngêtokake êntut.
êntok: (-ênting) pc êntèk babar pisan.
(êntol): di-[x] kn api-api ora diwènèhake supaya mundhaka panganyange; [x]-[x]-an: padha dene ngêntol.
(êntos): dipun-[x]-i k diêntèni.
(êntrag-êntrog): di-[x] kn dioyog-oyog diumbul-umbulake; kc. ontrog.
(êntrig): [x]-[x]-an kn sêsirig sarta lincak-lincak.
(êntrog): di-[x](-[x]) kn dioyog diumbul-umbulake.
(êncak): [x]-[x] êngg. ak njingkat marga wêdi ut. gila; [x]-[x]-ên ak: kanji, gila.
êncak-ênci: pc mencla-mencle (gèk gêlêm gèk ora).
êncèh: kn bngs. bêling (wadhah kecap lsp).
êncèlan: êngg. pc gèncèlan (luwihan).
êncèt: êngg. kn udhèt.
(êncêp): di-[x]-i kn. ak 1 (ora apa-apa) dianggêp salah; 2 dikukuhi yèn nyata bênêr (tmr. panêmu lsp. sênadyana sajatine ora bênêr); kc. ancêp, mêncêp.
êncik: I kn (panyêbut marang) wong kang asal saka sabrang (Bawean, Bandar, Sumatra, Malaka); 2 êngg. panyêbut marang Cina singkèk. II ng-[x] pc: tumumpang ing sadhuwure; di-[x]-i pc: ditumpangi; kc. ancik.
êncit: êngg. kn cita, sêmbagi.
êncit-êncitan: pc bngs. bonekah.
êncung: êngg. kn terong.
(êncup): di-[x] kn 1 dicêkêl nganggo jêmpol lan panuding (tmr. kewan ibêr-ibêran); 2 pc. dibatang (tmr. cangkriman).
(êncot): di-[x] kn dijêjêk sarta diênêtake (supaya mêndat lsp).
(êncrêt, êncrit): di-[x]-[x] êngg. kn: dibayari saka sêthithik.
(ênthak): ng-[x]-[x] kn jêmbar ora ana wit-witane.
(ênthang): ng-[x]-[x] êngg. kn panas bangêt ora ana eyub-eyube.

(ênthar): ng-[x] kn mlayu lunga; di-[x]-ake êngg: ora digarap-garap (tmr. pagawean).
ênthêk-ênthêk: êngg. kn 1 lêmu kêncêng; 2 (sadina [x]) sadina muput; kc. mênthêk.
(ênthêl): di-[x]-[x](-ake) pc diklumpukake saka sêthithik (tmr. dhuwit); kc. kênthêl, mênthêl.
(ênthêt): di-[x] kn 1 dicandhêt ora ditogake wêtune (tmr. swara); 2 êngg. pc. diunthêt, dikurangi ut. ora diwènèhake kabèh; di-[x]-[x] pc: diwènèhake (dibayari) saka sêthithik.
ênthik: kn 1 panging êmpu (ing jae lsp); 2 êngg. bngs. tenggok cilik dianggo takêran; 3 (ut. [x]-[x]-an) êngg. ak. jênthik; kc. mênthik.
(ênthil): di-[x] pc dijupuk, dicolong; di-[x]-[x] pc: dibundhêli lan diêmi-êmi (tmr. dhuwit) ent. diêmi-êmi bangêt; ng-[x]-[x] (-kêthip lima) pc: rada edan; di-[x]-i êngg. ak: digandhuli (digantungi) buntêlan lsp.
(ênthir): ng-[x] kn nywara tmr. gangsir.
ênthit: kn ar. mainan nganggo kêrtu cilik; ng-[x]: ngêndhog ana ing pasaban (tmr. bèbèk); di-[x]-[x] êngg. pc: 1 diêncrit-êncrit, saka sêthithik; 2 dicolongi (tmr. barang kang rèmèh-rèmèh).
(ênthu): ng-[x]-[x] êngg. pc mêrlokake bangêt (têka, marani lsp).
ênthul: êngg. pc dhenok (panyêbut marang bocah wadon); kc. mênthul.
ênthung: kn ulêr kang lagi mrungsungi arêp dadi kupu; ng-[x]: dadi ênthung.
ênthok: êngg mligi, ngêmungake; kc. thok.
ênthok-ênthing: kn êndhase gêdhe awake cilik.
ênya, ênyah: pc iki lo tampanana! (katêranganing mènèhake, ngulungake).
(ênyak): di-[x]-[x] pc diidak-idak; kc. inyak.
(ênyang): di-[x] n. dipunawis k arêp dituku kurang saka ênggone tawa; kc. anyang.
ênyat: mak [x] kn sanalika mandhêg.
(ênyèk): di-[x]-[x] pc diidak-idak (tmr. barang kang mlênyok); 2 dilêlèdrèk (tmr. sêga kang dipangan); 3 êngg. pc: dirèmèhake.
(ênyêp): di-[x]-[x] kn didokoki banyu lsp. supaya anyêp; kc. anyêp.
(ênyêt): di-[x] pc diênyêt; di-[x]-[x]: dipijêti alon-alon.
ênga: kn. ak wênga (bolongan); diêngakake: dibukak supaya mênga; kc. mênga, wênga.
êngah: kn. ak duwe wêgah (wêdi, ringga).
(êngèh): di-[x]-i pc diwènèhi, dingèngèhi.
(êngèl): di-[x]-[x] kn: digawe angèl; kc. angèl.
êngèn: I kn. ak sêga kang diadhêmake (mêntas dikêdhuk banjur dilèr lan ditepasi); kc. êngi. II dipun-[x] k: diêngon kc. êngon.
(êngên): di-[x]-[x] pc diangên-angên.
êngês: kn mranani, bêcik sarta nyênêngake (tmr. crita, gamêlan, gunêman lsp).
(êngêt): di-[x](-i) kn dipanasi (digodhog) manèh tmr. jangan lsp; kc. angêt.

--- 124 ---
êngga ~ (êpuk).
êngga: êngg. pc mangga, sumangga (ênya, ayo).
ênggak: I êngg. pc ora. II di-[x]-[x] kn. ak: tansah dipênggak bae.
ênggal: ([x] dina) êngg sabên dina.
(êngge): dipun [x] k kaênggo.
ênggèh: êngg. k iya; kc. inggih.
ênggèk: êngg. pc kaprênah ing.
ênggèn: k ênggon.
ênggèr: kn panyêbut marang bocah (wong nonoman); kc. anggèr.
ênggêl: kn kang pêrlu, kang pokok (baku); kc. têngggêl.
(ênggêng): di-[x] kn ora diêntas-êntas (tmr. cèrèt ing anglo lsp); [x]-[x]-an: têrus bae ora diêntas (diganti lsp).
(ênggêt): [x]-[x] kn gêthêtan, garitan (dianggo wakêt); di-[x]-([x])-i: 1 disinggêt tmr. sênthongan lsp); 2 dicirèni ênggêt-ênggêt (garis, gêthêtan).
ênggih: k. pc iya; kc. inggih.
ênggih bêton: pc sumaur iya (saguh) nanging ora ditindakake.
ênggik: I êngg. pc kaprênah ing. II ng-[x]-[x] kn: kuru bangêt; di-[x]-ake ak: digawe mênggik; [x]-[x]-an: 1 perangan kang mênggik; 2 ar. kewan bngs. ampal; kc. mênggik.
ênggir: êngg. pc kaprênah ing.
(êngguh, ênggoh): di-[x] êngg. pc disêngguh.
(ênggo): di-[x] n. dipunêngge k dianggo; kc. anggo.
ênggok: I êngg. pc êngga (ayo, ênya). II êngg. pc: kaprênah ing; kc. ênggon. III [x]-[x] kn: tamba kang disibarake ing têngggok; di-[x]-[x]-i: disibari tamba ing têngggoke.
ênggon: n. ênggèn k 1 papan kang didunungi; 2 kaprênah ing; 3 (-e, -ku, -mu) kanggo ing ukara kang mratelakake têmbunge kriya didadèkake aran ut. dipêrlokake, up. [x]-e nulis ora bêcik; di-[x]-i: didunungi; [x]-[x]-an: ora mratah, ora umum ingêndi-êndi; kc. kanggonan, manggon.
(ênggrêg): di-[x]-[x]-i pc dialang-alangi, dipagoli (lakune).
(êngi): di-[x] kn diêlèr banjur dikêbuti supaya pulên (tmr. sêga kang mêntas dikêdhuk).
(êngik): di-[x] êngg dipidak.
(êngis): di-[x]-[x] kn dicêcênggring sarta disêrik-sêrikake.
êngka: kw. ak mêngkana.
(êngkap): di-[x] kn diungkabi (tutupe lsp); kc. mêngkab.
êngkak: kn bngs. manuk gagak cilik.
êngkas: kn isih kurang ... manèh, up. limang sèn [x], têlung sasi [x].
êngkès-êngkès: êngg. pc ênggik-ênggikan (ar. kewan).
êngkèt-êngkèt: kn pêpindhan swaraning pikulan mêntul lsp.
êngkin: êngg mêngko.
(êngkir): di-[x](-i) êngg. kn diêntas(-i).
êngklèk: I êngg. kn èngklèk, angklèk. II di-[x]-[x] kn: dibopong (diêmong lsp) digawa mênyang ngêndi-êndi.

êngkuk: I kn ar. manuk. II di-[x]-[x] kn: 1 ditêkuk-têkuk gulune supaya lêmês (tmr. ndadah bayi); 2 disiya-siya, diplêtêr ing gawe, dikalahake nganti ora bisa apa-apa.
(êngkup): di-[x]-ake pc diingkupake.
êngko: êngg. pc mêngko.
(êngkok): di-[x]-i (-dhewe) kn 1 ak. didhaku dadi duwèke dhewe; 2 diakoni (didhadhagi) tmr. kaluputan lsp.
(êngkrêng): di-[x]-ake kn ditumpangake ing anglo ut. kêrên (tmr. cèrèt lsp).
(êngkrik): ng-[x] kn nywara tmr. jangkrik.
(êngu): di-[x] pc diingu.
(êngon): di-[x] n., dipunêngèn k 1 diumbar lan diulat-ulatake (tmr. raja-kaya lsp., ana ing pangonan); 2 ent. diulat-ulatake, diawasake; kc. angon.
(êngrêm): di-[x]-i kn didhêkêmi supaya nêtês (tmr. êndhog); di-[x]-ake: didokok ing patarangan supaya diêngrêmi (tmr. êndhog); kc. angrêm.
(êpak): I di-[x]-[x] (-êndhase) pc ditêpak-têpak êndhase; di-[x] pc: dirèmèhake, diina. II di-[x](-i) kn: dibuntêli, dibungkusi. III di-[x] kn. ak: 1 disewa pamêtune lsp; 2 ditêbas ut. diborong.
êpal: I kn ukuran lajuran dawane 1507 m. II di-[x] kn: diwêca bêgja cilakane (nganggo sarana petungan kêrtu lsp).
êpan: I êngg. kn wêruh (ngêrti). II kn: panggangan roti (digênèni saka ingisor lan saka ing dhuwur); di-[x]: dipanggang ing êpan.
êpang: kn cawanging wit; kc. pang.
êpe: I kn ar. iwak sêgara. II di-[x] kn: dipepe.
êpèh: kn. ak plêmbungan wadhah uyuh; kc. pèh.
(êpèk): di-[x] n. dipunpêndhêt k. dipundhut ki; 1 didadèkake darbèke; 2 (-anak, -mantu lsp) didadèkake anak, mantu lsp; 3 êngg. pc. dijupuk; kc. apèk, pèk.
êpèl: kn 1 gombal lsp. ditêlêsi dianggo ngêlapi; 2 dluwang kang dianggo nêsêp tulisan mangsèn; di-[x]: 1 dipali lsp. nganggo êpèl; 2 ditutul ing dluwang êpèl; kc. pèl.
êpèn: kn pèn.
(êpês): di-[x] kn dibuntêl ing godhong sarta dipanggang (tmr. iwak lsp); kc. pès.
(êpêp): di-[x] kn ditutup lan disumpêt (ora olèh angin).
(êpik): di-[x]-[x] kn diowah-owah (diêlongi, diênggo lsp).
êpil: kn pil.
(êplang, êplong): di-[x] êngg. kn diwêngakake ngêblak (tmr. lawang).
(êplèk): di-[x]-[x] kn ditêpak-têpak nganti muni plèk-plèk.
(êpluk, êplup): di-[x] kn dipasah diwangun cluwokan nggalir (tmr. blabag, kayu lsp).
(êpuh): di-[x] kn 1 dipêrês dituntasake duduhe (banyune); 2 êngg. pc. dipêrês (tmr. susu sapi lsp); kc. apuh, puh, puhan.
(êpuk): di-[x]-[x] pc ditêpak-têpak lirih.
--- 125 ---
êpur ~ (êcap).

êpur: kn ora kalah ora mênang; kc. pur.
êpoh: êngg. kn pêlêm.
êpok: kn bongkot, perangan kang pungkasan; di-[x]: dikêthok lsp. ing bongkote (poke); kc. pok.
êpor: êngg. kn bangêt; di-[x]-ake êngg. pc: ditogake, diuja; kc. por.
êpos: kn pos.
êra: êngg. kn rêmuk (tmr. kêmiri adon).
êrad: êngg. kn surud, sob (tmr. banyu, banjir); kc. rad.
(êrah): di-[x] kn diarah; kc. arah.
êrak: I kn garing, gêrok (tmr. swara); kêtiga ng-[x]: kêtiga kang garing bangêt (ora ana udan babar pisan). II kn: planggrangan wadhah piring lsp; kc. rak.
êram: êngg. kn sangkrah sing digawe mbêndung kali.
(êrèh): di-[x] kn diprentah; kc. rèh.
êrèk: kn rèk.
êrèn: kn kaklumpukaning êri.
êrès: I kn gès (têtak); kc. rès. II (W) di-[x] kn: diukum.
(êrêb): di-[x] êngg. kn diiris lêlapisan (tmr. daging lsp).
(êrêm): di-[x]-ake kn didhipêtake matane; kc. mêrêm, rèm.
êrêp: êngg. kn wayah surup; kc. rêp.
(êrês): ng-[x] kn 1 (yèn digrayangi) krasa kaya ana wêdhine; 2 (ng-[x] atine) wêdi sarta sêdhih; kc. rês.
êri: kn 1 cringih-cringih ing wit; 2 balunging iwak loh sing lancip-lancip; ancik-ancik ing pucuking [x] pr: cêkêl gawe kang tansah ngandhut kuwatir; nglancipi [x] pr: nggêgasah wong kang lagi nêpsu; cacah [x]: kanggo petungan kèhing iwak loh; ng-[x]: wanguni[3] kaya êri, up. ng-[x] gêrèh; padune (têmbunge) ng-[x] pc: nyêrikake: kc. ri.
(êrih): di-[x]-[x] kn ditanduki ing têmbung manis supaya gêlêm manut; kc. arih.
(êrik): ng-[x] kn nywara sêru nyêngkrèk.
(êrit): di-[x] kn dikêthoki lsp. nganggo arit; di-[x]-i: dipaprasi (dikêthoki lsp) nganggo arit (tmr. sukêt, têbu lsp); di-[x]-ake:digolèkake sukêt; kc. arit.
êru: I kw sêrik atine. II kw: panah. III kn: ukuran jêmbar (14,19 m2); kc. ru.
êrug: êngg. kn golong pikir, sarujuk, cocog.
êruh, êroh: pc wêruh.
(êrut): di-[x] kn ditalèni singsêt (diolèhake ing cagak lsp. ut. ora).
êrob: kn agung (tmr. banyu), banjir, lubèr; di-[x]-i: dilubèri; kc. rob.
(êrog): di-[x] kn dioyag-oyag supaya gogrog wohe (tmr. wit).
êrong: kn lèng kang amba; ng-[x]: gawe (mlêbu ing) êrong; kc. rong.
êros: kn ros.
êrti: n. êrtos k. pc. ak têgês; kc. arti, ngêrti.
êsa: kang (maha) [x] kw: (Allah) kang sawiji.
êsah: I kn sah. II di-[x]-i pc: diasahi. III ng-[x] kn: sêsambat.
êsak: I kn sêrik atine. II êngg. pc: kanthongan ing klambi lsp; di-[x]: dilêbokake ing kanthongan.

(êsat): di-[x] kn diasatake banyune; kc. asat.
(êsèng): di-[x](-i) êngg. kn ditari.
êsês: 1 k. udud; 2 nyêrèt; 3 k. rokok; kc. mêsês, ngêsês, sês.
(êsih):di-[x]-i kn. ak disihi; kc. asih, kasih, sih.
êsuh: kn kc. suh.
(êsuk): di-[x](-[x]) kn didhêsuk, disêsêk; kc. suk.
êsung: êngg. kn gêmbung (bal ing dolanan gêritan lsp).
(êsur): I di-[x] kn dipêksa dikon ngalih arêp gênti diênggoni; kc. sur. II di-[x]-i(-ake) kn: dicuri(-ake).
(êsog): I di-[x]-[x] kn dijambaki supaya mari ngêlu. II di-[x](-ake) kn: disèlèhake.
(êsok): di-[x](-ake) kn 1 disuntak supaya mêtu isine (banyu lsp); 2 diilingi; kc. sok, pasok.
êsol: kn rungkat; kc. sol.
êsong: kn growongan ing pinggir kali lsp; kc. song.
êsop: êngg. kn surud (tmr. banjir lsp).
(êsor): di-[x]-ake 1 kw. dikalahake; 2 diremèhake; kc. asor, sor.
(êsot): di-[x]-ake kw disupatani, diipat-ipati; kc. sot.
(êtêng): I di-[x]-i(-ake) pc digodhog (tmr. janganan); kc. matêng. II di-[x]-i ks: didadèkake mêtêng; kc. mêtêng, wêtêng.
(êtêr): di-[x]-i kn diwènèhi lsp. barange digawa mara (diparakake); di-[x]-ake: 1 digawa mara mênyang ing; 2 ditutake mênyang ing; kc. atêr.
(êtik): di-[x] pc ditulis ing mêsin tulis.
(êtir): di-[x] kn dicèt lsp. nganggo tir.
êtuk: kn tuk; ng-[x]: mêtu banyune (tmr. lêmah).
(êtum): di-[x](-i) kn diwungkusi banjur digodhog.
(êtus): di-[x](-ake) kn digantung supaya banyune atus; kc. atus, tus.
(êtut): di-[x] kn. ak: diturut; di-[x]-ake: diturut salakune; kc. atut, tut, tutut, êtut-buri ak: tut-buri.
(êtog): di-[x] pc ditakoni kaantêpane; di-[x]-ake: diênêngake bae, diuja sakarêpe; kc. katog, tog, pantog.
êtoh: kn toh.
êtum: kn tom.
êtong: kn tong.
êtor: kn ar. dolanan bocah; di-[x] êngg: ditutuh, dikêthoki; di-[x]-ake pc: diuja sakatoge.
êtrap: di-[x] kn dipasang ing; di-[x]-i: dipasangi, diênggoni; kc. trap.
(êcak): kc.cak.
(êcam): I di-[x](-i) kn. ak diwilang, dipetung (sadurunge). II di-[x] kn. ak: dijogi banyu (supaya cuwèr).
(êcap): di-[x] kn dicap; kc. cap.
--- 126 ---
(êcèh) ~ Gajah-oya.
(êcèh): di-[x]-[x] kn dibuwang tanpa tanja (dhuwit lsp).
(êcèk): di-[x](-i) kn diwilang dil ntrèng[4] lima-lima (tmr. dhuwit); kc. cèk.

êcu: kn ukuran saambane tangan nggêgêm jêmpole dicongatake; 2 ar. dolanan bocah.
êcul: di-[x]-ake pc diuculi (ake); kc. ucul.
êting: di-[x]-[x] pc dilêliting, diêmi-êmi.
(êthuk): di-[x]-ake kn 1 digathukakake; 2 dijodhokake, dicocogake.
êthung: di-[x]-ake pc diathungake.
êthur: di-[x]-ake pc dicurake.
êwèt:di-[x]-[x] kn dianggo kalayan ngati-ati supaya awèt.
êwor: di-[x] kn dicampur dadi siji; kc: awor, wor.
1. êmbut.
2. pêndhêm.
3. wangune.
4. diintrèng.

G

ga: I (ngga) pc mangga, sumangga. II êngg. pc: bok-mênawa uga; kc. uga. III [x] sampeyan êngg. pc: duka sampeyan (êmbuh). IV [x] ..., [x] ... êngg. pc: gèk ..., gèk ... V êngg. pc: gawa; up. ga mrene!
gabag: kn: bngs. 1 lêlara cacar; 2 êngg. bngs. gêdhèg nanging kasar panganame; ng-[x] êngg. 1 linggih uyêk-uyêkan; 2 nglayap; [x]-ên: nandhang lara gabag.
gabah: I kn 1 las-lasaning pari; 2 (kopi [x]) kopi sing durung dioncèki; saga [x] arang: sêga sing kaworan gabah; kaya [x] diintêri br: uyêk-uyêkan rame méga bingung lsp; [x] sinawur: ar. bathikan; di-[x]: dipakani gabah; digêgabah br: digêgasah, dipurih murih kêndêl. II gêgabah êngg. pc: kêsusu.
gabar: êngg. kn ngabar, ilang dayane, gonyèh.
gabên: êngg. k gadhu.
gabêng: kn garing kapês kapês tmr. têbu lsp.
(gabêr): ng-[x] kn 1 nywara bêr-bêr sarana lambe; 2 ngutahake mamahan sêmu kasêmprotake; di-[x]-ake: 1 diutahake sarana nggabêr; 2 disêpèlèkake, diêmohi.
gabês: kn ampang tanpa banyu tmr. woh lsp; ng-[x] êngg. pc: ora lèrèn-lèrèn tmr. jajan, mêmangan; [x]-an: ringkih, apêsan.
(gabig): ng-[x] kn ngobahake êndhas ngêgèt tmr. kêbo, sapi lsp.
gabira: (S) kw. ak 1 jêro; 2 bungah; kc. gambira.
(gabyêg, gabyês): ng-[x] êngg. kn tansah ngujêg.
(gablag): ng-[x] êngg. ks tansah omong.
gablêg: êngg. ks duwe.
gablug: 1 kn swaraning barang tiba, ngêbluk lsp; 2 êngg. kêthul.
gablog: kn 1 êngg. ora laras tmr. swara; 2 ar. panganan sing digawe bêras; 3 êngg. tukang kayu ing padesan; ng-[x]: saèm. nyablèk nanging sêru lan katamakake ing gêgêr.
gabu: kn ar. gêdhang gêdhe-gêdhe.

gabug: kn 1 kopong tanpa isi tmr. pari; 2 ora bisa manak; [x] aose: nyata lan orane; ng-[x]-i: nusoni nanging ora mêtu banyune susu.
gabul: kn nggêdabul, gupak rêrêgêd.
gabus: kn 1 ar. wit sing klikane êmpuk kapês-kapês digawe tutup gêndul lsp; 2 atèn-atène wit kêtela kaspa; 3 ar. iwak sêgara; ng-[x]: 1 ngosèk lading; 2 njagohi jago tarung; 3 nyêlani nyêkêlake kêrtune wong main.
gabrès: kn gupak upa jangan lsp. ing cangkêm ut. brêngose; ora ng-[x] êngg: ora mèli-mèlu.
gabrug: kn pêpindhan swarane wong tiba lsp; [x]-an êngg: apa-apa mung saolèhe bae.
(gabrul): êngg. pc: kc. gabro.
gabrus: kn pêpindhan swarane tumbukan tiba lsp; di-[x]: 1 ditumbuk; 2 diabuk, diawur, digabro.
gabrut: êngg. kn klumut gupak blêthok lsp. tmr. sandhangan.
(gabro): ng-[x] kn ngabuk, têtuku durung ndhuwit ngaku wis ndhuwit lsp.
gada: (S) kn 1 bindi, pênthung cêndhak; 2 dhompolan rentenganing kolang-kaling lsp; 3 (ut. gadan) êngg. tumpukan krambil sing disunduki; di-[x]: digêbug ing gada.
(gadag): ng-[x] kn ngambar, minging.
gada-gitik: wêruh [x]-[x]-e kn wêruh gêlaring mungsuh; ngêndêlake [x]-[x]: ngêndêlake gagah prakosane (panguwasane).
gadan: kc. gada 2.
gadarena: kn pitulungan; 2 jaga-jaga samangsa pêrlu; kcx. jagarbêna.
gadug, gaduk: kn têkan pangranggèhe.
gadul: kn katêranganing mêndal (mêndat); gumadul: mêndal.
(gadur): ng-[x] kn gunêman tanpa têgês.
gadri: (W) kn èmpèr mêtu.
(gadrug): [x]-[x] êngg. kn gêdhe lêmu tmr. pawakane wong wadon.
gaja: (S) kw gajah; cs. 8.
gajah: n. liman k 1 ar. kewan mawa tlale sarta gadhing; 2 (êmpyak [x]) êmpyak sing têngah; kupu [x]: ar. kupu sing gêdhe; lambe [x]: peranganing kêris sandhing kêmbang kacang; sêmut ngadu [x] pr: wong cilik ngadu wong gêdhe; [x] ngidak rapah pr: wong sing nrajang pêpacuhe dhewe; kodhok nguntal [x] pr: prakara sing mokal; setan nunggang [x] pr: wong sing mung golèk kêpenake dhewe; bathang [x] pr: tilasan wong mulya (luhur) sênadyan dadi asor iya isih luwih rowa tinimbang liyane; ng-[x] êlar pr: sarwa gêdhe lan sêntosa kêkarêpane; di-[x]-i êngg: pari sing mêntas diênèni banjur diuntili lan diêpe ana ing sawah.
gajah-mati: kn ar. gêgolonganing wong sing padha dêdunung ana ing sacêdhake Kartasura (kuna-kunane tawanan).
gajah-nguli (ngoling): kn 1 ar. sumping; 2 ar. oncèn kêmbang.
Gajah-oya: kw nêgara Astina.
--- 127 ---
gajapati ~ gagang.

gajapati: (S) kw ratuning gajah.
gajendra: (S) kw (gaja + indra) ratuning gajah.
(gajêg): [x]-e n elingku; [x]-[x]: 1 capêt-capêt, rada eling; 2 (ut. gojak-[x]) rangu-rangu, ora têtêp pamikire.
gajih: I kn jasad lênga rupane putih rumakêt ing daging; ng-[x]: 1 mawa gajih tmr. daging; 2 êngg. loh; di-[x]-i: dilêngani; pa-[x]: sawah pinggir kali, yèn katiga ditanduri yèn rêndhêng dadi kali. II kn: blanja, bayar; [x]-an: 1 bayaran (kanthi diblanja ajêg); 2 mangsa nampa gajih.
gajul: I kn 1 sêsulih ing sawêtara mangsa; 2 pangganti, slundhingan; 3 êngg. tambahan, wuwuhan; [x] pangan: pangan sing dianggo slundhingan (saliyane sêga); ng-[x]-i: nyulihi, nylundhingi; kc. jagul. II ng-[x] kn: nêndhang sing katamakake pucuking dlamakan.
gadha: (S) kw. ak bangêt.
gadhag: I kn 1 tampar gêdhe; 2 (lawe [x]) êngg. bolah. II ng-[x] êngg. kn: ngrusakake mbarut.
gadhah: k duwe.
gadhang: ut. ng-[x] êngg. kn arêp, bakal; di-[x], digêgadhang: dicalonake, diarêpake supaya ing têmbe bisa dadi ..., up. di-[x] dadi bupati; [x]-an: 1 calon, bakal; 2 wis cumawis mung kari nanduri.
gadhe: n. gantos k (ut. ng-[x]) ngutangi dhuwit nganggo cêkêlan barang; [x] pêtêng: gadhe sing ora nganggo idining nêgara; nggadhèkake: utang dhuwit nganggo nyêkêlake barang; [x]-an: 1 barang sing digadhèkake; 2 dhuwit olèh-olèhane nggadhèkake; 3 (ut. pa-[x]-an) omah sing dianggo nggadhe.
gadhèn: n. gantosan k 1 barang sing digadhe; 2 sugiyan digadhèkake; 3 cêkêlan ing gadhean, up. jaritku isih ana ing [x]; kc. gadhe.
gadhêh: êngg. k duwe.
gadhêl: I kn ar. oyod bngs. jênu; ng-[x]: ngyiyid, ngêndhal ana ing têlak (ilat). II êngg. kn: cupêt; kc. dhagêl.
gadhil: kn siyung cèlèng.
gadhing: kn 1 siyung gajah; 2 barang dandanan sing digawe siyung gajah mau, up. ukiran [x]; 3 ar. pring lan krambil sing kulite kuning; 4 kêmbang cêpaka ut. kanthil sing durung mêgar; 5 ki. umbêl; gumadhing: isih kuning tmr. asêm.
gadhu: kn (sawah [x]) sawah sing ditanduri ing mangsa katiga; [x] walikan: sawah sing kêna ditanduri ing mangsa katiga lan mangsa rêndhêng; panèn [x] walikan pr: olèh kabêgjan tundha-tundha; di-[x]: ditanduri ing mangsa katiga.
gadhug: kn 1 pêpindhan swaraning têmpuk, kêjêglug lirih lsp; 2 êngg. gacuk; ng-[x]: 1 mèlu apa-apa ora nganggo mbayar; 2 êngg. tuku apa-apa sarana diutang.
(gadhuh): ng-[x] kn nduwèni apa-apa saka pawèhing liyan nanging mung diwênangake nganggo bae; ng-[x]-i: mènèhi apa-apa sing digadhuhake; diparingi [x]-an ent: duwe anak.
gadhul: kn rêrêgêding untu; ng-[x]: akèh gadhule.
gadhung: kn 1 bngs. uwi sing mêndêmi; 2 (ut. ijo [x]) ijo ênom; 3 ar. ula lan pêlêm warnane ijo; [x] mlathi: coraking ikêt warnane ijo

têngahane putih; [x] cina: ar. oyod-oyodan sok dianggo tamba; [x] crobo: ar. têtuwuhan kêna dianggo tamba; ng-[x]: 1 ngêndêmi nganggo gadhung; 2 mblibuk (malsu), main ora barès; 3 ngijo bathikan; [x]-an: 1 ora barès tmr. main; 3 tiron. apus-apusan; macan [x] ak: macan malihaning wong.
(gadho): ng-[x] kn mangan lawuh iwak lsp. tanpa sêga; ng-[x] ati pr: tansah gawe susahing ati; [x]-[x] kn: bngs. pêcêl.
gadhog: kn 1 pêpindhaning swara saèm. gadhug; 2 êngg. ora têkan, pantog; 3 êngg. wagu.
gadhon: I kn 1 ar. lawuh sing digawe iwak daging cacahan; 2 klênèngan gamêlane mung sing prêlu-prêlu bae; kc. gadho. II (sawah [x]): sawah sing tinanduran ing mangsa katiga; kc. gadhu.
gae: pc gawe.
gaèk:, wis [x] êngg. ks wis tuwa; ng-[x] êngg: bola-bali nêmbung njaluk.
(gaèl): ng-[x]-ng-[x] kn mrênahake untu arêp nglêthak, kaya patrape asu yèn mêmangan.
(gaèng): ng-[x] kn 1 tansah ngalup; 2 tansah nangis, tansah njêjaluk tmr. bocah.
gaerut: kn garut (ar. têtuwuhan sing oyode lajêr kêna dipangan).
gaga: I kn 1 palêmahan sing ditanduri pari tanpa diêlêbi banyu; 2 (pari [x]) pari sing ditandur ing palêmahan tanpa diêlêbi; ng-[x]: nandur pari ing palêmahan tanpa banyu. II kw: gagak. III [x] ..., [x] ... êngg: gèk ..., gèk ...; kc. ga, uga.
gagah: kn 1 (ut. [x] prakosa) gêdhe dhuwur lan sêntosa tmr. pawakan; pradhah, dhadhag, sarwa kêduga, bêcik bangêt; [x] kêjibah, mingkuh kêtêmpuh pr: kêpêksa kêjibah, marga maune wis saguh; gumagah: ambêg dhadhag ngêndêlake kakuwatane; ng-[x]-[x]: tumandang kanthi gumagah, ndhadhagi; [x]-an, [x]-ên êngg: gumagah.
gagak: kn ar. manuk wulune irêng; [x] lincak pr: ngolah-ngalih panggonan; ng-[x], ng-[x]-i: 1 ngunjuk lan mangan sajèn; 2 ndhudhuk bangke sing wis pinêndhêm.
gagal: kn 1 mrucut, ucul; 2 cabar, wurung ora dadi; pêrang [x]: pêpêrangan ing wayang wayah sore.
gagan-gagan: kn ar. têtuwuhan kêna dipangan.
gagana: (S) kw awang-awang, langit.
gagang: kn 1 gantilaning godhong; 2 garan; 3 tangananing diyan lsp: 4 ([x]-pèn)
--- 128 ---
piranti dianggo nulis (garan pèn); ng-[x] aking: kuru bangêt.
(gagap) ~ galêr.
(gagap): [x]-[x] kn 1 nggêgrayangi ana ing pêtêngan; 2 isih kira-kira; ng-[x], ng-[x]-i: 1 nggêgrayang ana ing pêtêngan; 2 ngira-ira prakara sing durung cêtha; pêtêng-[x] êngg: pêtêng dhêdhêt; ng-[x] tuna nggayuh luput: kabèh sing dijangka ora ana sing kalêksanan.
gagap-gugupan: êngg. kn nggragap, sarwa gugup.
gagar: kn wukan, wurung, ora dadi, cabar; kc. gagal.

gagaran: êngg. kn garan, cêkêlan.
gagar-mayang: kn janur lan kêkêmbangan katata ing dêbog dianggo uba rampening layon (yèn sing mati jaka ut. prawan), ut. dianggo uba rampe kêtêmuning pangantèn, nanging lumrahe jênênge diêlih: kêmbar-mayang.
(gagas): di-[x] kn diangên-angên, dipikir; [x]-an: pamikir, angên-angên.
gagat: kw wiwit, trêp, mêntas bae; [x]-bangun ([x] esuk, [x] rina): wiwit wayah esuk (pajar); ng-[x] êngg: miwiti.
gage: êngg. pc. age, rikat.
gagi: êngg. k gaga.
(gaglag): ng-[x] êngg. ks: mangan.
gagu: êngg. kn celad, cedhal.
(gagut): ng-[x] êngg. pc: mêmpêng anggone mangan.
gagrag: I kn cara sing kêlumrah; [x] anyar: cara anyar. II ng-[x] kn: gograk, wis rusak.
(gagrak): I ng-[x] êngg. cakrak, brêgas. II ng-[x] êngg. kn: sêdhela-sêdhela gumuyu sênêng.
gah: êngg. pc êmoh! kc. wêgah.
gahana: (S) kw: jurang, papan sing angèl ambah-ambahane.
gaib: I (A) kn samar, wadi, winadi; kawruh [x]: kawruh bab ka-Allahan; gumaib: 1 ambêk wêruh ing gaib; 2 umuk, sêngguh. II (W) kn: (g.a.i.b.) ar. punggawa pangrèh praja sing olèh diploma.
gayahan: êngg. kn garan siwur (timba).
gayam: kn ar. wit wohe enak dipangan; [x]-an: ar. wanguning wrangka kiwa têngên papak.
(gayar): ng-[x] êngg. kn nyewa buruh (kuli); kc. bayar.
(gayas): ng-[x] êngg. kn ngira, ngawag.
gayat: êngg. kn antara suwe; ora [x] suwe: ora antara suwe; [x] têmên: têka suwe têmên, isih suwe.
(gayêl): ng-[x] êngg. pc tansah mêmangan.
(gayêm): ng-[x]-i kn 1 mamah mangan sing wis dielêd tmr. sapi lsp.; 2 ks. mangan; wis ng-[x]-i ks: wis tuwa pikun; [x]-an ks: karêman, panganan.
gayêng: (ut. ng-[x]) kn 1 mubêng giliran; 2 mubêng mingêr (nglungani utang lsp).
(gayêr): ng-[x] kn mbanjur bae, ora lèrèng-lèrèn[1]
(gayês): ng-[x] êngg. pc tanpa lèrèng-lèrèn[2] anggone mêmangan.
(gayuh): ng-[x] kn 1 ngranggèh; 2 njangka, ngarah prakara sing luhur; ora kêna di-[x] (ginayuh): ora kêna dicandhak (dingêrtèni, dijangka); [x]-an, gêgayuhan: apa-apa sing dijangka, idham-idhaman; ng-[x]-[x] luput pr: sabarang sing dijangka ora dadi; ng-[x] ing tawang pr: njangka prakara sing mokal.
gayuk, geyuk: êngg. kn gadug.
gayung: kn bngs. siwur.
gayur: êngg. kn siyung mênjangan; kc. gayor.

(gayut): di-[x], di-[x]-ake kn digandhèng disangkutake; isih [x]-an (gêgayutan) sanak: isih rada sêdulur; gêgayutan karo: gêgandhèngan karo, magêpokan karo.
gayol: êngg. kn pecok, wangkil.
gayor: I kn canthèlan gong. II kn: siyung mênjangan.
gak: I (nggak) êngg. n ora. II di-[x] êngg. pc: 1 dikira-kira; 2 disêpèlèkake; [x]-e êngg. pc: kirane, ayake; [x]-kêduga: mung waton kêduga. III di-[x]-ake pc: digawakake.
gal: I (nggal) êngg. pc padha; kc. tunggal. II [x] dina, nggal dina êngg: sabên dina.
gala: kn jabung lsp. dianggo isèn-isèn amrih atos. ut. krakêt: gêgala ([x]-[x]-)ning prang: gêgêdhug (senapati)-ning prang; 3 di-[x]: 1 diisèni gala; 2 diwêlêg ing kawruh, disêntosakake sarana kasêktèn lsp.
galah: êngg. kn gèntèr, gèntèr mawa cantholan kanggo nyodhokake prau.
galak: kn 1 wani marang manungsa ut. doyan mangsa padha kewan; 2 landhêp tmr. plerok; 3 mbêbayani tmr. lêlara lsp; nggêgalak racak pr: nênangi kêkarêpan ala.
galak-gathung: kn mung njagakake bok mênawa ana bêgjane.
galan: kn apa-apa sing digala; kc. gala.
galang: I (ut. [x]-an) êngg. kn 1 tumpukan kayu; 2 andhan-andhan (plangkringan) yèn nuju gawe omah; 3 planggrangan prau ing pêntasan; 4 rêrakitaning balungan omah sing arêp diêdêgake; di-[x]: 1 digawa mêntas tmr. prau; 2 rakit tmr. ngêdêgake omah. II ng-[x] êngg. kn: nyêkêl ut. ndhaku raja-kaya sing ucul.
galap: I kn kliru. II ng-[x] êngg. kn: ngalap; ng-[x] nggampar: nyêngkiwing jênênging wong disalini sasênênge dhewe sing maksude ngrèmèhake. III ng-[x] êngg. kn: mbalap; [x]-an: balapan.
galap-gangsul: kn klèra-klèru lan salah.
galar: kn pring diplupuh dianggo lèmèk; nganti krakêt ing [x] pc: mlarat bangêt.
galat: êngg. kn ora cocog karo watone.
gale: êngg. pc (nika le) kae lo!
(galès): ng-[x] kn 1 krakêt bangêt, ora gêtas; 2 jênak bangêt, karêm bangêt; 3 manjing tmr. warna; irêng ng-[x]: irêng ngganclêng.
galêng: kn 1 galêr-galêr (bilur) tilas disambuki lsp; 2 (ut. [x]-an) tanggul êlêt-êlêtaning kothakan sawah; sabuk [x] pr: sugih sawah; ng-[x]: nggalêr bilur-bilur.
galêr: kn garis cêcorekan ing tangan lsp; ng-[x]: katon ana galêre.
--- 129 ---
galih ~ gamoh.
galih: 1 kn. atèn-atène kayu lumrahe warnane irêng; 2 ati; 3 ki. ati, pangrasaning ati; di-[x]: 1 ki. dipikir, dirêmbug, dikira; 2 êngg. k. dituku; pang-[x] ki: ati, pamikir; di-[x] ki: dipikir, dirêmbug; jamu [x]-an: ar. jamune wong wadon.
galiyung: (W) kn (galyun) ar. prau.
(galik): [x]-[x] kn swara cilik larase kaprungu saka kadohan.

galing: kn: ar. têtuwuhan rambat; sawung [x]: ar. upa-cara kêprabon.
galu: I êngg. pc kang katêlu (tmr. dolanan gathèng). II (S) kw: intên.
galuga: kn 1 ar. wit bngs. sumba kêling; 2 bngs. gincu; [x] salusur sari pr: wis bêcik kawuwuhan bêcik; ng-[x]: abang sumringah.
galuh: (S) kn 1 intên; 2 putri.
galungan: kn ar. wuku kang kaping sawêlas.
galur: kn 1 (ut. [x]-an) alur, lêgokan dawa; 2 dlujur sanggan dlikaning ambèn lsp; 3 kayu palanging sanggan tlundhak ut. gêdhèg; 4 kayu gilig dianggo sanggan supaya gampang disodhokake; ng-[x]: 1 katon dawa urut-urutan; 2 nglantrah dawa tmr. crita lsp.
galo: I pc (nika lo) kae lo. II êngg. kn: gêdhêg; kc. balo.
(galok): [x]-[x] êngg. kn bêngak-bêngok, klongkang-klongkong.
galon: I (W) kn três (pasêmèn) bênang êmas. II (W) kn: ar. takêran 4,54 litêr.
galong: êngg. kn lêmpung; kc. ampo.
gama: I pc agama. II II (S) kw. ak: dalan, laku.
gamam: êngg. kn mamang, tidha-tidha.
gaman: ut. gêgaman n. dêdamêl k: 1 piranti dianggo nglawan ut. nanggulang mungsuh; 2 piranti dianggo nyambut gawe kc. arit, wadung lsp; 3 br. wadya-bala, prajurit.
gamana: (S) kw laku, sarana, reka.
gamar: êngg. kn samar, sumêlang.
gambak, gambèk: êngg. pc nganti, supaya nganti.
gambang: kn ar. rêricikaning gamêlan nganggo wilahan kayu; ng-[x]: nabuh gambang; [x]-an: lêlarikan kaya wilahaning gambang tmr. panatane blabag lsp; igane gêgambangan: igane katon kabèh (kuru bangêt).
gambar: kn 1 pêpêthan, têtironing maujud sing panggawene sarana corèking tulis ut. pulas; 2 kaanane ing lair; [x]-e êngg: contone, upamane; ng-[x]: mêtha, gawe gambar.
gambar-idhup: (M) kn ar. piranti kang mawa surya-kantha lan sorot apa dene pèlêm gambar banjur nganakake gêgambaran ing kêlir.
gambar-sorot: kn kc.gambar-hidhup.
gambas: kn sêrat-sêrate bêstru digaringake dianggo lambaran teko lsp.
gambèn: 1 (ut. gêgambèn) kn. gêgêdhug, sing punjul dhewe; 2 êngg. ugungan.
(gambèr): ng-[x] kn nglèmbrèh, nglêmbèrèh.
gambir: kn 1 ar. têtuwuhan godhonge diolah dadi gambir sing sok dianggo nginang; 2 ar. kêmbang ambune wangi; dara [x]: dara ulêse abang sêmu kuning.
gambira: 1 kn. mantêp bangêt, bungah bangêt; 2 (S) kw. ak. jêro.
gambiralaya: (S) kw: (papan sing jêro) sêgara; cs.
gambir-sawit: kn ar. gêndhing.
gambyung: êngg. kn kc. gambyong.
(gambyok): kn kc. gambyong I.

(gambyong): I ng-[x] kn onteh-ontehan tmr. woh; di-[x]-ake: digemblokake. II ng-[x] kn: njogèt ora ditayub tmr.. tlèdhèk; [x]-an: 1 tlèdhèkan; 2 golèk pêpêthan tlèdhèk ing wayang purwa.
gamblang: kn cêtha lan têrang (tmr. pangêrti).
(gamblèh): ng-[x] kn 1 ndowèr, dawa gèmblèh-gèmblèh; 2 (ng-[x] lambene) ks. juwèh, pijêr gunêman; 3 ks. nangis.
(gamblèng): êngg. ks: sabawane maido ut. ngrèmèhake.
(gamblik): ng-[x] kn ngamplik, mung dumunung ing pinggir.
gamblis: êngg. ks gambli.
gamblok: kn (ut. [x]-an) gandhèng, up. sa-[x], rong [x]; ng-[x]: 1 nèmplèk, gêgandhèngan; 2 mèlu ut. nunut ing liyan; di-[x]-ake: digandhèng karo, ditèmplèkake, dipetung, diilokake.
gambuh: I kn 1 kulina, pundhuh; 2 wis lantih, wis kêrêp nindakake; 3 ar. têmbang maca-pat; ng-[x]-i karo: pundhuh bangêt karo. II kn: bngs. tlèdhèk; walang-[x]: ar. walang sing wadon gêdhe sing lanang cilik; malang-gambuhi pr: bêbojoan sing lanang kalah gêdhe tinimbang sing wadon.
(gambul): ng-[x] kn: nyudhang, nggosok-gosokake sungu ing lêmah ut. ing wit lsp.
gambus: ut. [x]-an êngg. kn ar. têtabuhan ut. dolanan nganggo trêbang binarêngan mênyanyi.
gambos: êngg. kn kapês-kapês tmr. kêtela lsp. kc. glembos.
gambrèng: êngg. kn gêmblèng (gampang nangise).
(gambrès): ng-[x] êngg. kn ngênèni, ani-ani.
gambrêng: kn 1 kêtêl tmr. brêngos; 2 kutis; ng-[x]: 1 êngg. pc. grundêlan, gumrumung; 2 mambu ora enak.
gambrêt: kn saèm. kênès; [x] singgang mêrkatak ora ana sing ngênèni pr: 1 prawan sing kênès ora ana kêdadeane; ng-[x] êngg: ngganda wangi.
gamêl: I kn tukang ngrêksa jaran. II [x]-an n. gangsa k: ar. têtabuhan rêricikane akèh bangêt (saron, bonang, gêndèr lsp); di-[x]-i: dibarêngi unining gamêlan.
(gamêng): ng-[x] kn katon irêng lan pêtêng tmr. mêndhung lsp.
(gamês): ng-[x] êngg. kn tansah mêmangan kalawan sênêng.
(gamil): ng-[x] êngg. kn ndrêmimil, tansah gunêman.
gamoh: kn 1 êmpuk, gampang digarap; 2 ora kukuh (kuwat).
--- 130 ---
gamol ~ gandhèng.
gamol: êngg. kn mêmêl, êmpuk tmr. daging.
gampang: . gampil k 1 ora angèl; 2 (ut. [x]-an) nriman, ora kakèhan panjaluk; gumampang: ora nganggo dijaga pakèwuhe; nggêgampang, ng-[x]-ake: 1 nganggêp gampang; 2 nglirwakake (wajib), ngrèmèhake; ng-[x]-ake nalar: nganggêp gampang marang prakara sing pêrlu.
(gampar): I ng-[x] êngg. k nggaru. II ng-[x] êngg. kn: nêndhang, nguncalake watu sarana sikil; [x]-an: ar. dolanan, nganggo watu kauncalake. III [x]-an kn: bngs. thèklèk sing nganggo bungkul.

gampèng: kn 1 song-songan ing lambunging jurang ut. kali; 2 ak. bêbaya sing ora kinawruhan; ng-[x]: ndhêlik ing gampèng.
gampil: k gampang.
gamping: kn lêmah (watu) putih yèn wis diobong kêna dianggo labur, ênjêt lsp.
gamplêng: mak [x] kn katêrangan tumibaning jotos lsp; godhong [x]: godhong katès (yèn arêp dianggo jamu); di-[x]: dikamplêng, diantêm.
gampung: kn arang ut. ngrêmya tmr. pari; ng-[x] êngg: 1 nugêl: 2 ngangsag pari; ng-[x]-i êngg. 1 nguthuti pari; 2 ngênèni.
gana: I kn: 1 anak tawon sing isih gatra; 2 gatra, maujud, up. mbayar [x] dhuwit (arupa dhuwit); 3 gatraning jabang bayi (ut. kewan) sing isih cilik pêpêthaning manungsa, kewan lsp; diganani: digatrani, diwujudi. II (S) kw: mêndhung.
gana-gini: kn bandha olèh-olèhane ênggone bêbojoan (dudu gawan), yèn pêgatan kudu diêdum miturut wujude, guna tumrap marang wong lanang, gini tumrap wong wadon.
ganal: kn: 1 sêntosa tmr. pawakan; 2 agal, kasar; 3 cukat; 4 (ut. [x]-an) ora tata.
ganan: kn ar. ukiran awujud pêpêthaning manungsa ut. kewan; kc. gana.
ganas: kn 1 lantap, brangasan tmr. wong wadon; 2 yèn nganggo-anggo enggal rusake; 3 gampang suwèke tmr. sêmbêt lsp.
ganda: kn 1 ambu; 2 wêwangi; ng-[x]: 1 ki. ngambu; 2 kn. mambu; nggandani: ngukup, ngratus amrih wangi; pagandan ki: brêsihan; panggandan kn: ar. aji dianggo ngambu barang sing arêp digolèki.
ganda-kusuma: kw ar. têmbang gêdhe laku 26.
ganda-maru: kn bngs. sambunganing blabak kang mangun pojokan.
gandan, gêgandan: 1 br. wêwangi; 2 apa-apa sing mambu; kc. ganda.
ganda-pura: kn ar. wit godhonge wangi.
gandar: kn 1 kayu sarunganing kêris; 2 sêsipatan ut. prejengan (sing bêcik); [x] iras: gandar karo wrangkane nunggal (ora sambungan).
ganda-riya: kn ar. wit sarta wohe (dianggo jênênging lurik lan gêndhing).
ganda-rukêm: kn bngs. damar dianggo nggêgosok ut. campuraning malam.
ganda-rusa: kn ar. wit sok dianggo pagêr; gumanda-rusa: gêdhang sing lagi sêmu kuning.
gandarwa: (S) kw:dewa awujud yaksa; kc. gêndruwo.
gandarwi: kw gandarwa wadon.
gandarwo: kw gardarwa.
ganda-suli: kn ar. bathikan.
ganda-wida: kn:dhèdhès lan borèh; ginanda-wida: diurap ing wêwangi.
gandêm: êngg. pc:mirasa, nikmat, apik bangêt.
gandês: kn:luwês, kèwês (tmr. solah-bawa).
(gandir): [x]-[x] kn:tansah obah ora mitayani; kc. gondar-gandir.
gandum: (Prs) kn:1 trigu, bngs. pari; 2 êngg. k. jagung.

gandra: ilang [x] êngg:tanpa daya; ng-[x] sapira?: sapira kêkuwatane? ora ng-[x]: ora mingsra.
gandri: (W) kn:gadri.
gandrung: kw:lagi kasêngsêm, nandhang brangta; [x]-[x] kapirangu: kasêngsêm sarta kapengin bangêt kêtêmu karo sing disihi.
ganja: kn:1 dhasar pêsining kêris sing rumakêt karo wilahane; 2 sanggan ing pucuking pilar (saka); [x] iras: ganja karo wilahane tunggal (ora sambungan); [x] wulung: ganja karo wilahane rupane seje; ora [x] ora unus pr: tanpa pêpêthingan (rupane ala, watake iya ala).
ganjah: êngg. kn:bosênan.
ganjak: êngg pc:nganti.
(ganjar): ng-[x] kn:mêmènèhi minangka gêgantining kabêcikan ut. lêlabuhane; [x]-an: 1 apa-apa sing diganjarake; 2 lêlara lsp. saka pêparinging Allah.
ganjèk, ganjil: êngg. pc:nganti.
ganjêl: I kn:kayu lsp. sing disêsêlake murih mundhak dhuwur ut. aja oyag-ayig; ng-[x]: 1 nêsêlake kayu lsp. ing; 2 krasa kaya klilipên tmr. mata, mangkêl lan sêrik tmr. ati. II êngg. kn: janggêl.
ganjil: kn:yèn dipara loro turah siji; [x]-an: turahan, luwihan.
ganjling: êngg. pc:gampang.
ganjur: kw:watang, tumbak; diganjur: ditumbak.
ganjras: êngg. pc:bêcik tmr. panganggo; kc. janjras.
(ganjrêt): ng-[x] kn:1 mubêng mungsêr; 2 pc. kênès, digawe-gawe solah-bawane, tmr. wong wadon.
gandhang: ut. [x]-[x] kn:cêtha lan sêru tmr. swara; ng-[x]: 1 mbêngok; 2 êngg. ura-ura; [x]an êngg: uran-uran, têmbangan.
gandhèk: I ut. ng-[x] kn:abdi-dalêm kang pinatah nglantarake dhawuh (ajêg ngloro-ngloro). II kn: 1 ganthèt tmr. kêmiri; 2 woh kanthil ut. cêpaka.
gandhèn: kn:saèm. palu gêdhe sing digawe kayu; êndhase ng-[x]: mèmpêr gandhèn (sing buri mbêndhul); kc. gandhi.
gandhèng: kn:1 loro ut. luwih digayutake ut. digamblokake; 2 ora pisah-pisah tmr. mêmitran lsp; 3 gathuk, sambung; 3 [x] karo, (ut.gêgandhèngan karo) gêgayutan karo; ng-[x]: 1 nggathukake sarta
--- 131 ---
nggayutake; 2 nyambung; 3 nganthi tangan; [x]-an: 1 gayutan, gêgathukan; 2 kêkanthèn tangan.
gandhewa ~ gancêng.
gandhewa: kn:piranti sing dianggo nglêpasake panah.
gandhi: kw:palu.
gandhik: kn:1 watu gilig dianggo nggêrus ut. mipis; 2 jêjodhoan tmr. kucing.
gandhu: kn:1 bendha; 2 balung ing dhêngkul wangune mèmpêr bendha; 3 ar. tawon.
gandhul: kn:1 gantung; 2 êngg. katela gantung, katès; ng-[x]: 1 gumantung ing, nggênteyong; 2 isih durung têrang tmr. rêrêmbugan;

3 êngg. main kalah ora gêlêm asok; ng-[x]-i: 1 mbandhuli, gumantung nggondhèli; 2 nggondhèli, ngelikake supaya aja nglakoni; 3 ngêngkoki (ngantêpi) sawijining panêmu; 4 mènèhi bêrkatan marang wong sing ora têka ing kêndhurèn; [x]-an: 1 gumantung ing. gendholan; 2 (ut. gêgandhulan) kaantêpan, panêmu sing diantêpi; 3 bêrkatan sing diêtêrake.
gandhok: kn:1 gandhèng, jodho; up. sa-[x]; 2 êngg. ombyokan jagung sauntil 30-40 ontong; 3 êngg. omah ngarêp, èmpèr ngarêp; 4 êngg. (ut. [x]-an) omah ing sakiwa ut. ing satêngêne omah gêdhe; ng-[x]: nèmpèl, nggamblok; ng-[x]-ake: nggandhèng, ngombyokake, nggamblokake; [x]-an 1 jodho, sisihan; 2 êngg. bedhangan.
gandhon: êngg. kn:1 dolanan bengkat; 2 saèm. wrangka gayaman; kc. gandhu.
(gandhong): I ng-[x] êngg. kn:nggêndhong. II ng-[x] êngg. kn: nggandhok, nggandhèng.
gandhor: kn:êmpuk lan kropos marga lêlaranên tmr. pring; prawan [x]: prawan sing wis gêdhe (lungse).
gandhos: kn:1 kênthosing krambil; 2 ar. panganan.
gandhowara: kn:ar. wanguning sumping.
ganêngan si!: êngg. pc:mêsthi bae!
ganêp: n. jangkêp k: 1 ora kurang ora luwih; 2 ora ganjil tmr. cacah; wong ora [x]: rada owah pikirane; mung dianggo [x]-[x]: mung dianggo sarana supaya aja kurang; [x]-[x]-e: patut-patute; kc. gênêp.
ganita: (S) kw. ak:wilangan, petungan.
ganitrikundha: (S) kw. ak:tasbèh.
ganung, ganong: kn: ati gori ut. nanas.
ganol: êngg. kn:kêmbang kêtela; ng-[x] êngg: janggol.
gantal: I kn:lintingan suruh (dianggo sajèn ut. sarat pangantèn). II êngg. kn: têmbe; [x]-an: antaraning wêktu; ora [x]-an: ora nganti kaliwat ing; up. ora [x]-an taun.
gantang: I wis [x] êngg: wis kliwat. II kn: takêran bêras lsp, bobote ± 10 kati (Jawa-Têngah) ut. 5 kati (Jawa-Wetan). III ng-[x] kn: mepe manuk (jagung lsp) sarana kagantung; [x]-an: pamepean jagung lsp, kerekan manuk.
gantar: êngg. kn:gèntèr.
gantas: I êngg. pc:1 sêru, bantas; 2 êngg. lêncêng; [x]-an: ênêring mimis lsp. II ng-[x]-i êngg: natasi, ngrantasi.
gantèn: I k: kinang; ng-[x] k: nginang; (pa)-[x]-an: wadhah kinang. II. êngg: gênti-gêntèn; pari [x]: pari tinandur mangsa kêtiga; kc. ganti, gênti.
(gantêr): ng-[x] I kn:bola-bali nywara bantas (sêru); 2 tansah mêlèk ora turu-turu pêrlu nglakoni.
ganti: n. gantos k:1 salin, liru, ijol; 2 sulih, sêsulih; 3 liyêr, alihan, up. [x] sêpur ana ing Gundhi; di-[x]: 1 diijoli, dilironi; 2 disulihi; 3 diêlih panggonane; kc. gênti.

(gantil): ng-[x] kn:kumanthil ing; ng-[x]-i: ndèkèki tali ut. sindhêtan kanggo gantilan; [x]-an: 1 gaganging wowohan; 2 tali lsp. dianggo nggantil.
(ganting): ng-[x]-i, [x]-an êngg. kn: 1 ngulêmi (nyuruhi) nganggo tonjokan iwak daging lsp; 2 duwe gawe.
gantung: kn:gandhul, up. jam [x]: ng-[x]: 1 nggandhulake ing; 2 ngukum (matèni) sarana dijirêt gulune banjur digandhulake; 3 (mati ng-[x] nglalu sarana nggantung; 4 nahan, durung kawènèhake, up. ng-[x] barang colongan; piagême isih di-[x]; 4 durung nindakake tmr. ningkah lsp.; 5 isih ana ing sajroning kawajiban caos, pasisiran lsp, up. Sapa sing ng-[x] pasisiran?; 6 (ng-[x] gong) duwe gawe nganggo ngunèkake gamêlan; 7 ngarêpake tiba gong panabuhe antal lirih tmr. gêndhingan; gumantung: 1 gumandhul; 2 bobot-timbang; up. prakara iki mung kari gumantung ana ing kowe dhewe; ng-[x]-i: 1 nggandhulake apa-apa ing; 2 nyaguhi ut. mènèhi ancaman (kasaguhan); up. di-[x]-i paukuman têlung taun; di-[x]-i ganjaran limang atus ripiyah; [x]-an: 1 (ut. pang-[x]-an) 1 piranti dianggo nggantung; 2 prakara ut. barang sing digantung; 3 paukuman ut. ganjaran sing dicadhangake.
gantung-boja: kn:wis ningkahan nanging durung dikêpyakake kanthi karamean.
gantung-kawin: (nikah) kn:wis dikêpyakake nanging durung ningkahan.
gantung-kêpuh: kn:nganggo sandhangan ora tau salin-salin.
(gantung-laku): ng-[x] kn:isih ana ing sajroning tampa ayahan pasisiran lsp.
gantung-siwur: kn:urut-urutaning turun munggah ut. mudhun pitung turunan.
gantos: k:1 ganti; 2 gadhe.
gantya: br:ganti.
gantyan: br:gantèn.
(gancam): ng-[x] êngg. kn:gunêman tanpa têgês.
gancang: kn:rikat, enggal; [x]-ing crita (kandha): enggal (cêkak)ing crita (kandha); gêgancangan: rêrikatan.
gancar: I kn:urut-urutaning lêlakon lsp; [x]-ing crita: urut-urutaning lêlakon ing crita; ng-[x]-ake: nyritakake, njlèntrèhake urut-urutaning lêlakon; [x]-an: dudu têmbang tmr. layang. II êngg. kn: gancang.
gancèt: kn:lêlakèn tmr. asu; kc. ganthèt.
(gancêng): ng-[x] kn:nancang (mbancang) tali kapanthèng.
ganclêng: I mak [x] kn:katêrangan tumanduking wadung lsp. II irêng ng-[x] kn: irêng agilap.
--- 132 ---
ganco ~ gaprus.
ganco: êngg. kn:dhandhang (ar. piranti).
gantha: kn:cêngkorongan, gêgambaraning rancangan sing arêp dilakoni; di-[x]: 1 dirancang-rancang; 2 dipêtha, diwangun.
(ganthèt): di-[x] kn:digandhèng, ditèmplèkake rakêt; kc. kanthèt.

(ganthêng): ng-[x] kn:1 katon ngganthêng lan kêncêng tmr. tali lsp; 2 êngg. gagah, brêgas.
ganthol: kn:kayu ut. wêsi nylêkanthuk digarani dianggo piranti nggèthèl ut. nyènèng; ng-[x]: 1 nyènèng lsp. nganggo ganthol; 2 (ut. [x]-an) cumanthèl (sumangkut) sarana ganthol.
(ganyang): ng-[x] kn:mangan apa-apa sing isih mêntah; [x]-an: panganan kaya dene kêtela lsp.
(ganyuk): ng-[x] kn: ngadêg lsp. cêdhak bangêt; kc. anyuk, gonyak-ganyuk.
ganyong: kn:puspa-nyidra.
gang: I kn:1 êngg. sêla-sêla; 2 singgêtan ing antarane lubang têbu; 3 êngg. sênthongan, guthêkan; 4 pêpanthan golonganing wong nyambut-gawe lsp; di-[x]-[x]: 1 diguthêk-guthêk; 2 disinggêt-singgêt; 3 dipantha-pantha miturut golongane. II (W) kn: dalan cilik. III kw: rosa, sêntosa; adi [x] pr: ngêndêlake panguwasa ut. kasêntosane; dialap [x] pr: dirêbut kanthi pêksa.
gangga: (S) kw: (ar. kali ing tanah Hindhu) kali, banyu.
ganggam: kn:rada wêdi, ringa-ringa.
(ganggang): di-[x] êngg: dipisah tmr. wong padu ut. kêrêngan.
ganggarangan, ganggrangan: êngg. kn:garangan.
ganggas: êngg. kn:1 brêgas, kas, sigrak; 2 wis waras (bagas).
ganggêng: kn:ar. têtuwuhan sing urip ing banyu.
(ganggu): ng-[x] kn:1 mbêbeda, ngrigoni; 2 agawe piala tmr. lêlêmbut.
ganggu-gawe: n. ganggu-damêl k:mialani, nyalahi.
gangsa: I 1 kn. prunggu sing digawe gamêlan; 2 k gamêlan; 3 êngg. k. gong; lidhah [x] kn: ilat sapi lsp. sing cringih-cringih; ng-[x]: mialani ing liyan sarana kikiran gangsa supaya aja bisa gunêman. II êngg. kn: banyak. III ng-[x] nggêgorèng apa-apa nganggo diulêt ing gula.
gangsal: 1 k. lima; 2 êngg. k. dlima.
gangsan: kn:apa-apa sing digangsa, kc. êmping; kc. gangsa III.
gangsar: kn:enggal katêkan sing sinêdya (payu, bêgja, olèh jodho lsp); kb. sêbêl.
gangsing: I êngg. kn:garing, asat tmr. lêmah. II di-[x] êngg: dipilih. III [x]-an kn: ar. dolanan bocah awujud kayu bubutan lsp. diubêngake sarana uwêt.
gangsir: kn:ar kewan bngs. jangkrik; mungkur [x] pr: wis ora mèlu cawe-cawe; di-[x]: dibabah; [x]-an: babahan.
gangsul: kn:1 ora rampak (urut); 2 kliru; 3 songol tmr. ujar ut. wangsulan; kc. galap-gangsul.
(gangsur): ng-[x] kn:1 mbrangkang wêtênge kambah ing lêmah; 2 êngg. nggosok, ngurut-urut kaya dene mijêti.
(gau, gauk): ng-[x] kn:nywara mbaung (mbêngung).
gaul: [x]-[x] kn:katêrangan pamangane bocah durung duwe untu ut. wong tuwa sing wis mèh ompong kabèh; jênang [x]: jênang sungsum diwori grêndul dianggo nylamêti bocah sing wiwit thukul untune; ng-[x]-[x]: mêmangan anggone mamah dibolan-balèni.
(gaup): ng-[x] êngg. pc:ngrauk.

gaok: kn:1 pêpindhan unining gagak; 2 êngg. gagak; ng-[x]: muni gaok-gaok.
(gaol): êngg. pc. gaul.
gaong: êngg. kn:song-songan ing sangisoring watu lsp.
(gaota): ng-[x] kn:nyambut-gawe, ngupa-boga; panggaotan: pakaryan.
(gapah): ng-[x] êngg. kn:ora nggape, ngrèmèhake.
gape: I êngg. kn:1 cape; 2 ora gangsar tmr. pagawean. II ng-[x] kn: gêlêm nggatèkake, ngrèwès.
gapèt: êngg. pc:gapit.
gapgapan: pc:grayah-grayah, mêkmêkan; kc. gagap.
gapit: kn: 1 wilah sing dianggo njapit gêdhèg, kepang lsp; 2 garan wayang, tepas lsp; 3 êngg. bngs. ukuraning kayu bong sing ditumpuk; lading [x]: pèmès; lawang [x]: regol ing kraton sing nomêr loro saka brajanala; (Baladewa) ilang [x]-e pr: ilang kaluhuran ut. panguwasane; ng-[x]: 1 mlèpèt nganggo gapit; 2 tumindak ora adil, nggithing.
gapit-rêmpah: kn:gapit wayang sing kêna diingar-ingar; di-[x]: digapit mung ditalèni ing bongkot lan pucuke bae.
gapyak: I kn:sumèh sarta sênêng aruh-aruh marang sok wonga; kc. grapyak. II kn: thèklèk, bakyak.
gapyuk: kn:gathuk (têmpuk) kalawan sih trêsna, up. dirangkul [x], kêtêmu mak [x]; gumapyuk: sumanak, ora kumliya; di-[x]-ake: ditêpungake.
gaplah: êngg. kn:tanpa guna.
gaplèk: I kn:tela kaspa sing wis dioncèki sarta diêpe. II ng-[x] pc: ngamplik, nggaplik.
(gaplik): ng-[x] kn:1 ngamplik, nggawing; 2 mung sathithik bangêt.
gapluk, gaplok: mak [x] kn: katêrangan tibaning panapuk lsp.
gapuk: kn:1 gropok lan gabêng tmr. kayu, pang lsp. 2 ks. tuwa bangêt; 3 têtêmbungan ing dolanan gathèng yaiku yèn gathènge papat katumpuk banjur karaup.
gapuntên: êngg. k:gapura.
gapura: kn:1 gawangan ing lawang pakarangan; 2 regol; cs. 9.
gapruk: mak [x] kn:katêrangan lan pêpindhan swaraning tumbuk lsp; di-[x]-ake: ditumbukake, dibêntusake.
gaprus: mak [x] kn:katêrangan sarta pêpindhan swaraning barang pêcah lsp.
--- 133 ---
gaprut ~ garoh.
gaprut: pc:gubras.
gara: I [x]-[x] kn:1 orêging jagad dening lindhu, prahara lsp; 2 peranganing crita ing wayang ngarêpake wêtune Petruk, Garèng, Sêmar; 3 orêg, rame dening ana lêlakon sing ora lumrah. II (S) kw. ak: garwa, bojo.
(garad): ng-[x] êngg. kn:njupuk kayu saka ing alas; kc. gèrèd.
garagaji: êngg. kn:graji.
garagati: kw:kêmlandhingan.

(garah): I ng-[x] êngg. kn:omong-omongan sêmbarangan, ngojahake. II ng-[x] apa êngg. pc: ngarah apa! kc. arah.
gara-ita: kn:gêdhang.
(ng)gara-kasih: pc:Anggara-kasih (Slasa-Kliwon).
garami: kw:dêdagangan; kc. grami.
garan: kn:1 kayu lsp. sing minangka dadi cêkêlane, up. [x] siwur, [x] lading lsp.; 2 (ut. gêgaran) sarana, piranti sing dianggo; 3 êngg. sarèhne, mulane.
garansi: (W) kn:tanggungan.
garang: I kn:katon gagah sarta sarwa bêcik; arêp [x] nanging garing ut. [x] garing pc: umuk ut. sumugih nanging dianggo nggarang.
garangan: kn:ar. kewan bngs. rase.
garanggati: êngg. kn:kêmlandhingan (bngs. kêmangga gêdhe).
garap: (abdidalêm [x]) êngg. (Solo) kn:juru-tulis kantor kapatihan; ng-[x]: 1 êngg. nggrayang, nyandhak; 2 nindakake pagawean, up. ng-[x] sawah; 3 êngg. mbêbeda ut. nyêngèsi; [x]-an: 1 panindaking pagawean, kang digarap; 2 panggawean.
(garap-gawe): ng-[x] êngg:nyambut-gawe.
(garap-banyu): n. garap-toya k. ng-[x]: kêl.
(garap-sari): n. garap-santun k; ng-[x]: kêl.
garba: (S) kw: 1 wêtêng; 2 sêsambungan, rêrangkèn; guwa [x] br: wêtêng, wadhah bayi; ng-[x] kn: 1 nggandhèng têmbung loro ut. luwih, up. kaloka ing rat dadi kalokèng rat; 2 nyêkak surasaning layang ut. têtêmbungan; 3 nêgêsi surasa mung dipirit larasane bae.
(garbini): ng-[x] kw: mêtêng.
garbis: êngg. kn:labu.
garda: (S) kw: pêpenginan.
gardaba: (S) kw: kuldi.
gardaka: kw:kurda, pangamuk.
garjita: (S) kw:bungah bangêt; ng-[x]: ngunandika, gumun.
gardhèn: (W) kn:1 klambu aling-alinging cêndhela lsp.; 2 layar ing tonil lsp.
gardhu: (Prt) kn: omah cilik dianggo pajangan; kc. gardhu.
gareyan: êngg. kn:gantilan krambil.
garèk, gari: êngg. pc:kari.
garèng: ut. [x]-pung kn: ar. kewan bngs. othe-othe yèn muni ing mangsa Marèng.
garènggati: êngg. kn:kêmlandhingan; kc. garanggati, garagati.
garèt: I kn:garit. II pc: sigarèt.
garêbêg: kn:riyaya gêdhe ing sasi Mulud, Pasa lan Bêsar; kc. grêbêg.
garêm: (M) êngg. kn:1 uyah; 2 rabuk sing rupane saèm. uyah; [x]-inggris: bngs. jamu urus-urus wujude saèm. uyah.
garêp: êngg: arêp.
garês: I kn:balung sikil ingarêp; ng-[x]: nêndhang sing ditamakake garèse. II kn: atos (akèh wêdhi lan krikile) tmr. palêmahan; ng-[x]: nandhês, bangêt agawe sêrik ut. laraning ati; kc. gêras.
garêt: kn:gêrêt.

gar-gêr: kn:bola-bali padha gumuyu; kc. gêr.
garini: (S) kw. ak: somah.
garing: kn:1 ora têlês, aking; 2 ora ndaging, kuru, tmr. awak; mati [x]: mati kalirên; di-[x]-ake: dipepe lsp. supaya garing; [x]-an: 1 ora nganggo ditêlêsi; 2 (ngèlmu [x]-an) kawruh sing asale saka kupiya.
garis: kn:1 corètan nggalêr; 2 corèk galêran ing dluwang; 3 wates wêwaton; up. wis nyimpang saka [x]-ing kautaman; 4 pêpêsthèn, takdir; up. wis [x]-e kowe dadi wong kaya mêngkono; [x] sipat-gantung; garis lêncêng sing mangun pojok 900; [x] srèmpèdan: garis nyrèmpèd kubênging cakran; [x] têngah: garis sing nrajang pusêring cakran; di-[x]: 1 dicorèk nganggo garis; 2 diwatêsi, dipêsthi, tinakdir; di-[x]-i: dijidhari; [x]-an: jidharan.
garit: kn: corèk sing nandhês; jagung gumarit: jagung ênom lagi katon garit-garit; di-[x]: dicorèk nganggo lêlandhêp; kaya di-[x] atine: ngêrês, mèlu sêdhih.
garningson: (W) kn:bètèng, tangsi saradhadhu.
garu: I kn:ar. piranti têtanèn awujud kayu palangan mawa unton-unton dianggo nglêmbutake lukon; 2 êngg. jungkat; 3 ar. lintang: mrojol sêlaning [x]: pr: linuwih, langka sing madhani; ng-[x]: 1 nggarap sawah nganggo garu; 2 êngg. njungkati; digarokake dilukokake: dikon nyambut gawe abot. II (kayu [x]): bngs. kayu cêndhana.
garudha: kn:1 manuk titihane Bathara Wisnu; 2 bngs. manuk bidho gêdhe.
garudha-mungkur: kn:gambar garudha ing rêrênggan songkoking wayang ut. kêlat-bahu.
garudha-nglayang: kn. ak:ar. gêlaring baris.
garuh: êngg. kn:1 cêmplang tmr. lêlawuhan; 2 kisruh; ng-[x]-i: ngisruhi, ngrigoni.
(garuk): di-[x] êngg. kn:dirauk, diraup.
garung: êngg. kn:wis mari loh tmr. sawah lsp.
garut: I kn:ar. têtuwuhan oyode kêna dipangan; kc. gaerut II ng-[x]-(i) kn: 1 nggraut; 2 nylonèhi, nyorèki.
garoh: kn:1 ora dadi ut. ora ana santêne
--- 134 ---
tmr. krambil; 2 êngg. ora kalawan absah (colongan, barang pêtêng lsp).
(garok) ~ (gawa).
(garok): êngg. pc:garuk.
garon: kn:1 bngs. sorok nganggo unton-unton; 2 êngg. jungkatan; kc. garu.
(garong): [x]-[x] kn:nangis sêru ora mênêng-mênêng.
(garot): ng-[x]-(i) kn:mbrakot, mbrakoti.
garpu: (Prt) kn:1 porok; 2 êngg. garon.
garwa: I ki:bojo (rabi) II kw: brangasan, nêpson.
garwa-ampeyan: (ampil, paminggir) ki: sêlir.
garwa-padmi: ki:bojo (rabi) sing baku.

garwita: (S) kw. ak:nêpsu, nêpson, brangasan, umuk.
gas: I (W) kn:1 sakabèhing jasad kang kaanane kaya hawa; 2 bngs. lênga patra sing kêras (lênga montor, lênga diyan); 3 (lênga [x]) êngg. lênga patra; diyan [x]: diyan sing lêngane kêras. II (W) kn: rangrangan sing bakal disongkèt lsp, rang-rangan kawat lsp. III di -[x] êngg: digatèkake, digêrtak; [x]-[x]-an: sarwa kêsusu ênggone mêmangan. IV kn. ak:ar. ukuran dawane ± 1 m.
gasab: (A) kn:pandarbe sing ora absah; ng-[x]: ndhaku, ngêkaki[3] darbèking liyan.
(gasah): ng-[x] êngg. kn:1 nggosok, ngosok, ngasah; 2 (ut. nggêgasah) ngojok-ojoki murih muring.
(gasak): ng-[x] êngg. pc:1 ngêsur, nrêjang; 2 ndhaku darbèking liyan.
(gasang): ng-[x] êngg. kn:1 masang, nata; 2 nyumêd lampu; ng-[x]-i: masangi; [x]-an: 1 pasangan; 2 sêdhiyan; 3 pacangan; kc. basang, pasang.
gasèk: êngg. pc:nganti.
gas-gasan: kn:sarwa kêsusu ênggone mêmangan; kc. gas III.
gasiyus: êngg. pc:banyu-landa.
gasik: I kn:rêsik lan ora têlês tmr. pakarangan lsp. II êngg. kn: 1 ora kasèb malah kêpara ndhisiki ênggone têka; 2 enggal ênggone nyambut-gawe; kc. dhisik.
gasir: êngg. kn:gangsir.
gasruh: kn:kisruh; di-[x]: digawe kisruh tmr. petungan.
gata: (S) kw. ak:laku, kêlakuan; cs. 5.
gataka: (S) kw. ak: pati, sangsara.
gatèn: êngg. kn:wigati, têmên-têmên; kc. gati.
gatêl: kn:1 rasa kaya dene rasane kêna ulêr, gudhigên lsp; 2 ([x] cangkême) dhêmên ngrasani; gumatêl: wis wiwit krasa panas tmr. srêngenge ± jam l0; ng-[x]-i:njalari gatêl; [x]-ên: 1 kadunungan rasa gatêl; 2 pc. tansah kadunungan rasa rumangsa.
gatêng: kn:ar. iwak loh.
galês: êngg. kn:watês.
gati: I n. gatos k: 1 kanthi têmên; 2 wigati, pêrlu bangêt; 3 êngg. wangkal, wangkod; [x]-[x]: gita-gita, enggal-enggalan; gumati: ênggone ngopèni (miyara) kanthi têmên-têmên; digumatèni: diopèni kanthi gumati; nggatèkake: nilingake (ngrêmbug, namatake) kanthi têmên-têmên. II (S) kw: 1 laku, tindak, kalakuan; 2 kaanan, sarana; cs. 5; kc. gati.
gatos: k:gati.
gatra: (S) kn:1 awak, pawakan, peranganing awak; 2 blêgêr, maujud, wêwujudan; 3 peranganing ukara sing wis madêg; durung [x]: durung maujud (lagi blêgêr cêngkorongan); di-[x]: diwangun; digatrani: diwujudi, dianani.
(gacar): di-[x] êngg. kn:dioyak, diblêdig.
gaclêng: kn:ganclêng.
gaclok: mak [x] kn:katêrangan ut. swaraning wadung ditamakake lsp.

gaco, gacuk: êngg. pc: 1 apa-apa sing dianggo nuju tmr. dolanan dhir-dhiran, obrong lsp; 2 (ut. gacon) kabutuhan (dhuwit); 3 panulung, pambantu.
gacos: mak [x] kn:katêrangan ut. swarane tumamaning barang landhêp.
gacruk, gacrok: mak [x] kn:pêpindhaning swara ut. katêranganing pambacuk lsp.
gatha: (S) kn:wadhah, wadhah banyu.
gathak: I kn:lêmbung sing atos. II di-[x] êngg: digêthaki. diênggêt-ênggêti. III êngg: pring lsp. dianggo pêpalang ut. êlêt-êlêt; di-[x]-i: diêlêt-êlêti (dipalangi) ing gathak.
gathekan: kn:lantip, gampang mangêrtine.
gathèl: ks:êndhasing palanangan.
gathèng: kn: ar. dolanan bocah nganggo krikil lima ana sing diumbulake lan ana sing dirauk.
gathèt: kn:ganjil tmr. cacah; kc. ganthèt.
(gathêng): ng-[x] êngg. kn: mêrêm dhipêt.
gathi: (S) kw. ak:têngaraning waktu (jam).
gathik: kn: 1 gathuk sathithik tmr. bala-pêcah lsp; 2 gathèl.
gathita: (S) kw. ak:têngaraning waktu (jam); kc. gathi.
gathuk: kn:1 têmpuk lan nggêpok; 2 têpung, kêtêmu; 3 katêranganing têmbung kêpêthuk ut. kêtêmu; 4 rujuk, ora sulaya; ng-[x]-ake: 1 nêmpukake nganti nggêpok, ngêtrêpake; 2 nêpungake, nêmokake; 3 nocogake, ngrujukake; 4 pc. madhakake; [x]-an: têmpukan, sambungan, anjing-anjingan sing digathukake.
gathul: ks: gathèl.
gathok: kn:gaclok; gumathok: 1 wis têtêp ut. wis manjing; 2 maton, wis bênêr (têtêp); ng-[x]: 1 nganjingake pantèk, nuthuki pipitan lênga lsp; 2 gumathok, maton; mipit, ngênêtake; [x]-an: pipitan.
(gathok-lèh): di-[x] êngg: diwêlèhake, dicog-gêmol.
(gawa): ng-[x] n. mbêkta k. ngampil ki:1 lajêring panindak manut patrap lan saranane banjur nganakake têmbung: nyangking, nyunggi, ngusung lsp; 2 saka ing kadohan nyangking lsp. apa-apa; 3 njupuk; up. Si sastra kêmalingan, panganggone di-[x] kabèh; di-[x]-[x]: dièmbèt-èmbèt, dikatut-katutake; nggawani n. mbêktani k: 1 nggawa mawali-wali; 2 mènèhi pasangon awujud barang-barang [ba...]
--- 135 ---
[...rang-barang] marang pêngantèn wadon; ka-[x] saka n. kabêkta saking k: jalaran saka: gawan: 1 apa-apa sing digawa; 2 barang-barang sing disangokake marang pangantèn; 3 momotan; 4 (anak [x]) anak kuwalon sing digawa ing bojo.
gawan ~ geying.
gawan: n bêktan k: kc. gawa.
gawang: I kn:1 kayu lsp. adêg-adêg loro ing dhuwur mawa palang; 2 jêjênênging lawang ut. cêndhela; 3 (ut. [x]-an) kayu ut. pring mawa palangan piranti kanggo mbathik lsp; 4 êngg. bngs. ukuran kayubong

sing ditumpuk. II [x]-[x] ut. [x]-[x]-an kn: katon cêtha wela-wela; gumawang br: cêtha wela-wela.
gawar: kn:tali dipanthêng (didèkèki janur kuning) kanggo têtêngêr yèn ora kêna mlêbu ut. liwat; nrajang (lumumpat)ing [x]: nrajang anggêr; di-[x]-i: didèkèki gawar.
gawat: kn:mbêbayani, angèl ambah-ambahane; angkêr.
gawe: n. damêl k:1 pakaryan, kawajiban sing ditindakake; up. adol [x] (ngumuk-umukake kasrêgêpane); wis mêtu [x]-ne (wis bisa têtulung makarya); andum [x] (mbage kawajiban sing arêp ditindakake); dadi [x] (njalari kêpêksa nindakake apa-apa, nusahake); kèri ing [x] (kèri ênggone tumandang, kèthèr); tumandang ing [x] (nindakake pakaryan); dudu [x]-ne (dudu kawajibane); 2 prakara sing pêrlu ditindakake, up. ana [x] parigawe; yèn ana [x] kabèh diwajibake dadi prajurit; 3 guna paedah, kapêrluan; up. ora ana [x]-ne (gunane); bisa olèh [x] (bisa kêlakon kang disêdya); 3 ewuh mantu, têtakan lsp; up.si Suta lagi duwe [x]; 4 (ut. a-[x]) tumandang nganakake apa-apa, up.[x] omah; ma-[x]: nggarap sawah ut. têgal; [x]-[x]: ethok-ethok, tmr. patrap; di-[x]-[x]: tumindak kalawan ora pêsaja; di-[x]: 1 dianakake nganti dadi barang lsp; 2 diadoni tmr. tèh ut. kopi; 3 (sing di-[x]) asale, up. lêmari iki sing di-[x] wêsi; 4 dianggêp, dianggo; up. di-[x] gêguyon, di-[x] pêpundhèn; 5 pc. kanggo, up. cèt iki arêp di-[x] ngêcèt lawang; 6 dipigunakakake kanggo; up. yèn mung rong kêthip digawe apa! [x]-an: 1 tiron, ora sanyatane; 2 (ut. gêgawean) gawe apa-apa; 3 sing wis digawe, garapan; 4 (ut. pa-[x]-an) pakaryan, panggaotan; pang-[x] n. pandamêl k: 1 cara anggone gawe; 2 solah tingkah (patrap) kang linakonan, up. pang-[x] ala; dipanggawe: disalahi sarana donga, tuju lsp; pang-[x]-an: pakaryan.
gawèl: I êngg. kn:gampang mrucute; kc. grèwèl. II ng-[x] kn: nyakot, nyawèl; kc. cathok-gawèl.
(gawêng): ng-[x] kn:katon irêng; kc. gamêng.
(gawêr): ng-[x] kn:katon njlirit; ora ng-[x]: ora nggandra sapira (tmr. mêmangan lsp); mangsa ng-[x]-a: ora nggandra sapira.
(gawil, gawir): ng-[x] kn:wis mèh copot (mrucut); kc. gowal-gawil.
(gawing): ng-[x]. kn: ngamplik, mung dumunung ing bambing gampang tibane.
gawok: kn: ngungun, gumun bangêt: [x]-[x], [x]-an.êngg. pc:1. nggumunake bangêt; 2. ora langka, gampang kêlakon; up. iyang [x]-[x] wong leson mêngko kêsorèn têkane nêgara.
ge: êngg. pc: digawe (kanggo) up: [x] apa?
(gebang): ng-[x] kn: nglêleda, nglêlèdhèk.
(gèbèg): [x]-[x] kn: gèdhèg-gèdhèg, gobag-gabig.
gèbèl: êngg. kn: gèmbèl (glambir sapi).
gèbèr: êngg. kn: gèmbèl, gèbèl (glambir)
gèbès: kn: gèdhèg, nandhakake ora jodho [x]-[x]: 1. gèdhèg-gèdhèg; 2. êmoh, nampik; di-[x]-ake: ditampik, diêmohi.
(gèblèg): ng-[x] êngg. kn: rubung padha nonton; kc. dèblèg.

(gebog): di-[x] êngg: ditalèni singsêt, diêrut; ng-[x]: wangkal, wangkod.
gèbrèh: kn: 1. jodhèh, wuda; 2. gunêman ngudhar wadi.
gedug: (k) êngg. kn: gadug.
(gèjèg): [x]-an êngg. kn: bêgajagan.
(gèjès): êngg. pc: enak, kêpenak.
(gejog): ut. [x]-an kn: kothekan (padha têtabuhan nganggo lêsung).
gèdhèg: ut. [x]-[x] kn: ngobahake êndhas (nyasmitani yèn ora cocok ut. gumun); si [x] lan si anthuk pr: wong sing wis padha sêkaitan.
gèdhèng: kn: untilan pari ana rong bêlah ± 10 kati; ng-[x]-i: diuntili.
gege: banyu [x] n. toya gege k: banyu sing dianggo ngêdusi bayi supaya enggal gêdhe; ng-[x] (mangsa): ngenggalake wêktu (njaluk supaya enggal).
(gègèk): I. ng-[x] êngg kn: (njêjaluk) ngujêg. II. ng-[x] êngg. kn: tansah gumuyu; kc. gigik III. ng-[x] êngg. kn: cêgukên, sêgunên; kc. glègèk.
gègèl: [x]-[x] êngg. kn: tansah kumudu guyu; kc. gigil.
gègèn: êngg. kn: rikat, enggal; kc. gage.
gègèr: kn: 1. orêg arame; 2. (ut. [x]-an) dahuru, pêrang ut. kraman; ng-[x]-ake: 1. ngorêgake; 2. agawe dahuru.
(gègès): ng-[x] kn: 1. tansah watuk (njugug bae); 2 êngg. pc. jênak lan sênêng.
gègèt: pc. rukêt bangêt (ora bisa uwal) tmr. kêrêngan lsp; kc. gogèt, kèkèt.
gegoh: êngg. kn: usrêk, rame: ng-[x]-i: ngrigoni.
gègrèg: kn: gogrog, padha mbodhol.
gègrèk: ng-[x] kn: tansah gumuyu, gegroh kn: wis tuwa bangêt.
gèh: nggèh êngg. k: inggih.
geyal-geyol: kn: mêmamah apa-apa sing alot; kc. geyol.
geyan: êngg: enggal! kc. gage.
geyang-geyong: kn: gondhal-gandhul; kc. geyong.
gèyèt: êngg. kn: sènggèt; gèthèl.
geying: (ge-ing) êngg. pc: ora timbang (cocog).
--- 136 ---
geyuk ~ gèrèd
geyuk: êngg. pc:gadug.
geyol: salak [x] kn:salak sing ênom (kênthose isih putih).
(geyong): [x]-an kn:1 gandhulan; 2 (ut. gegeyongan) panêmu kang diantêpi.
geyor: êngg. pc:gayor.
(geyot): ng-[x] pc:mbêndheyot (nggandhul abot).
gèk: I pc: 1 enggal, age; up. [x] mangkat ta !; 2 banjur, sawise iku banjur, up. nèk wis mangan, [x] manyanga[4] pasar.II pc.: 1 têmahane bok-mênawa, up. mêngko [x] ora kêtêmu; 2 (ut. [x] mangsa, mangsa [x]) bok-mênawa ora (pamaido). III êngg. pc: 1 lagi, up. Si Amat [x] maca layang kabar; 2 dhèk, nalika. IV [x]-e êngg. pc: duwèke. V di-[x]-ke êngg. pc: digawèkake. VI nggèk, nggik êngg. pc: ing; up. sing lara nggèk êndi ?

gèl: êngg. kn:1 mligi, ngêmungake; 2 padha trêp; 3 tulèn, murni.
gela-gelo: kn:menglang-mèng lèng; kc. gelo.
gelang: I êngg. kn:bngs. krokot. II êngg. kn: pondhoh arèn.
gèlèh-gèlèh: kn:katon cêtha ngegla.
gèlèng: sa-[x] kn:saglintir tmr. tike; ng-[x]-i: ngglintiri tike.
gelo: I n. gèntên k. èngg: rupiyah. II [x]-[x] kn: bola-bali ngobahake êndhase.
gèmbèl: kn: 1 kulit (daging) sing saèm. glambir; 2 pating kluwêr sarta bundhêt tmr. rambut ut. wulu.
gèmbyok: êngg: gombyok, ombyok.
(gembyong): di-[x] êngg: dirêngga-rêngga nganggo gombyok lsp.
(gembyor): [x]-[x], gembyar-[x] kn:kuru lan lêmês marga lêlaranên.
(gèmblèh): [x]-[x] kn:gumantung kawèr-kawèr tmr. glambir, gèmbèl lsp.
(gemblok): ng-[x] kn:nggamblok.
(gembol): I ng-[x] kn:1 nggêgawa apa-apa kalêbokake ing tapih ut. kêmbên; 2 duwe apa-apa sing winadi; ng-[x] watu pr: duwe niyat sumêdya mialani ut. malês; [x]-an: 1 apa-apa sing digembol; 2 buntêlan; 3 (dhuwit [x]-an) dhuwit cêkêlan; 4 apa-apa sing ginawe wadi; 5 kawruh lsp. sing diantêpi ut. sing diaji-aji. II êngg. kn: socaning kayu sing mêndhukul.
gembong: ut. gegembong kn:gêgêdhug, jêjênggul; macan [x]: macan lorèk.
(gèmèl): di-[x]-i êngg. dicêkêli, dicandhêt.
(gêmos): ng-[x] êngg, pc: mangan tmr. raja-kaya.
(gempar, gempor): di-[x] êngg: ditepang; kc. gampar.
gempo: êngg. kn:kacu.
gèn, nggèn: pc:ènggèn (k. ênggon).
genan: êngg. pc:karêbèn.
(gèndèng): [x]-ginèndèng kn:tarik-tinarik; daya-dinaya; ng-[x]: narik-nyènèng; ng-[x] gèrèt cènèng cèwèng pr: gênti-gêntèn mènèhi (tulung-tinulung).
genjah: kn:1 êngg. nyimpang, sulaya; 2 (ut. [x] budi) ora antêpan, ora kêna dipitaya; 3 enggal awoh tmr. pari lsp; 4 êngg. pc. enggal duwe anak; ng-[x]: 1 nandur pari sing genjah; 2 ngenggalake apa-apa sing durung mangsane; ngêmping lara ng-[x] pati pr: nêmaha marang sangsara ut. pati.
genjong: kn:ar. pêndhing.
(genjor): [x]-[x] kn:gênjuk-gênjuk, êmpuk mêmbut.
(genjot): ng-[x]-i êngg. pc:nggondhèli, nggandhuli.
gèndhèl: I (ut. gêndhêl) sa-[x] êngg. kn: 1 untingan, bêngkêkan lawe lsp; 2 buntêlan gula Jawa. II di-[x] êngg: digandhulake (digayutake) ing tali; kc. èndhèl. III kn: abuh ing kuping sing mêntas ditindhik lsp; [x]-ên: kadunungan gèndhèl.
gèndhêl: kn:katêrangan panjunjung lsp. sing krasa abot; gumèndhêl: krasa abot.

gèndhol: [x]-[x] kn:katon gandhul-gandhul; ng-[x]: nggubêl, tansah gumandhul; ng-[x]-i: 1 nggandhuli, nyêkêli lan nyandhêt; 2 ngelikake aja nglakoni (ora olèh mulih lsp); kc. gondhèl.
gendhong: êngg. kn:1 bakul; 2 ambên kanggo nalèni lapak, wlulang dianggo nggêgawa ing gigir, sangkutan bêdhil; ng-[x]; nggêgawa apa-apa kadèkèk ing gêgêr (nganggo slendhang lsp. ut. ora); ng-[x] mikul: anak lanang tampa 2 bagean, anak wadon 1 bagean (tmr. pangêduming warisan).
gendhor-gendhor: kn:genjor-genjor.
gene: I êngg. pc:1 mokal yèn; up. [x] ana, wong mati bali nèng donya; 2 nanging, jêbul; up. jare kowe lunga nyang Sala, [x] ki sih thênguk-thênguk! kc. dene. II kêna nggene n. kenging punapa k. êngg: kêna apa; ya-gene n. gene-ya n. (gene lèh, gene si êngg) wontên punapa k: ana apa, sêbab apa.
gèntên: êngg. k:gelo.
gèntèr: kn:pring dawa dianggo mepe lsp.
gence: êngg. kn:1 ora padha; 2 anèh.
gèncèl: kn:1 mawa turahan yèn dipara; 2 ora ganêp saprangkat; 3 (ut. [x]-an) turahan, ganjilan; di-[x]-(i): digawe gèncèl; kc. gecol.
gèncêng: kn:kateranganing pamanah lsp. kang ngênani.
(gènthol): ng-[x]-i êngg. pc:nggantholi.
gènyèh: êngg. kn:gonyèh.
genggong: kn. ak:gêdhe; jangkrik [x] ws: gangsir.
gengsot: êngg. kn:ndhoyong; kc. gesot.
(gepak): ng-[x] êngg. kn:nyimpang, sumingkir.
gèpèng, gêpèng: kn:pèndèng (ora mblêndhuk).
gepor: êngg. pc:epor, sayah bangêt.
gèr, nggèr: kn:anggèr (panyêluk marang bocah cilik).
gèrang-gèrêng: kn:katêranganing tumandang kang cak-cêk, kêna lsp. kc. gèrêng.
(gèrèd): ng-[x] kn:narik, nyèrèd; [x]-an: adu jago lsp. tanpa totohan, mung sing kalah jagone diepèk.
--- 137 ---
gèrèk ~ gêblag.
gèrèk: I êngg. kn:bungah. II êngg. pc: kari.
(gèrèng): ng-[x] gèntèng kn:ngujêg njêjaluk.
gèrêng: mak [x] kn:katêranganing kêna, tumanduk, nyêkêl lsp.
gèrodan: êngg. kn:yun-yunan.
gèroh: èngg. kn:goroh.
(gèrong): I (ut. [x]-an): têtêmbangan barêng karo gamêlan; ng-[x]-i: nêmbang mbarêngi laguning gamêlan. II kn: ar. waluh.
(gerot): ng-[x] êngg. kn:nggêgêt, nyakot.
gès: kn:1 katêranganing pangiris; 2 êngg. têtak; kc. grès.
gèsèh: kn:sulaya, ora cocog, beda; ng-[x]-i: nyulayani.
gèsèk: kn:iwak sing disigari diêpe sarta diasin.
(gesor): ng-[x] êngg. pc:jênak, tlatèn.
gesot: kn:mèncèng, pencong.

gèspêr: (W) kn:timangan cathokan cilik.
gèsrèk: kn:1 nggêpok gêgosokan; 2 êngg. sulaya, crah; ng-[x]: 1 nggêpok sarta gêgosokan; 2 nyangkut tmr. layangan supaya bisa tatas.
(gèt): I ng-[x] kn:ora nganggo antan-antan (dadakan) salin kaanan; ng-[x]-[x]-i: njalari kagèt; 2 ora gumunan. II di-[x](i) êngg: digolèki.
(gètrèh): di-[x]-ake êngg:dijlèntrèhake.
(gècèk): di-[x]-i êngg: digocèki.
gècèl: êngg. kn:1 ora rampak (urut); 2 penjol, benjo; kc. gecol.
gecol: kn:1 ora rampak (runtut); 2 penjol, benjo; 3 êngg. gèncèl.
gecot: kn:gesot, pèncèng.
gethang: êngg. k:gothang.
gèthèk: I kn:1 êngg. gèntèr; 2 amben-ambenan sing digawe pring digapit; 3 (prau [x]) prau cilik sing nganggo gèthèk; [x]-an: andhan-andhan pring dianggo garap omah lsp. II kn: galêran ing kulit tilas tatu.
(gethok): [x]-an kn:ora têmênan, ethok-ethokan.
gethol: êngg. pc:gethok.
gethot: êngg. pc: gecot.
(gewar: ng-[x] êngg. kn:nggiwar, nisih.
(gèwèh): di-[x]-i êngg. pc:diwènèhi.
(gèwèng): di-[x]-[x] êngg: dièwèng-èwèng, digawa ut. ditarik mrana-mrana.
gèwêl: kn:katêranganing panyakot lsp.
gewol: têmbako [x] êngg: têmbako sing dianggo susur (têmbako sing ala dhewe).
gêbag: I kn:babag, mèh padha tmr. umur-umuran; [x]-an: grudugan. II k: gêbug.
gêbayan: pc:kêbayan.
gêbal: I (ut. [x]-an) kn:susukan sukêt salêmahe; ng-[x]: nusuk sukêt salêmahe. II ng-[x] kn: ngêmping bayaran (pajêg lsp) ng-[x]-ake bayar: nêbasake bayar; [x]-an: dhuwit olèh-olèhane nggêbal. III wc. kêdibal; [x] dalêm (sampeyan): ingkang abdi.
(gêbambèr): ng-[x] kn:gumandhul nglawèr.
gêbang: I kn:ar. wit bngs. palêm, kulite digawe agêl. II ng-[x] kn: nangkis nganggo tumbak ut. sodhor; [x]-an sodhor: tangkis-tangkisan nganggo sodor.
gêbèl: ut. ng-[x] kn:uyêk-uyêkan akèh bangêt.
(gêbêg): ng-[x] kn:nggosok murih gilap ut. rêsik; ng-[x] kuping: ngosok kuping marga saka nêpsu bangêt.
(gêbêng): di-[x] kn:I diikêt ut. disingsêt ing bêngkêkan; 2 br. digolongake, diwêngku; [x]-an ut. gêgêbêngan: 1 rasa-rasaning batin; 2 wêwêngkon, golongan; [x]-ane: golongane, ewone.
gêbêr: kn:layar lsp. dianggo aling-aling; di-[x]-i: dialing-alingi ing gêbêr.
(gêbês): di-[x]-[x] êngg: digêbês-gêbêsake.
(gêbibir, gêbimbir): ng-[x] kn:katon têlês ut. klêbus.

gêbig: êngg. pc:êmoh ngaku.
gêbincih: êngg. k:gêbiri.
gêbing: ut. [x]-an kn:apa-apa sing diirisi (disigari); di-[x]-(i): 1 digraji lsp nganti dadi irah-irahan ut. blabak; 2 diirisi lan disigari tmr. krambil, tela lsp.
(gêbiri): n. gêbincik k. êngg: kêbiri.
(gêbis): ng-[x] êngg.pc:sênêng bangêt nglakoni maksiyat.
gêbyag: I êngg. kn:babag, gébag. II ng-[x] kn: 1 rubuh tmr. gêdhèg lsp; 2 (ut. ng-[x]-i nêbaki ambèn, gêdhèg lsp; ng-[x]-ake: 1 ngrubuhake supaya nggêbyag; 2 ngêpyakake, ngumumake, nyêmuwakake wayang wong lsp; [x]-an: kêpyakan, sêmuwan; sa-[x]-an: samangsa kang kêlakon.
(gêbyah): ng-[x] kn:umum, sumrambah lumrah; di-[x]: 1 dipaculi murih lêmbut tmr. lukon; 2 (ut. di-[x] uyah) dicaruk-banyu, diracak, dianggêp padha bae.
gêbyar: kn: 1 sorot satleraman; 2 kaendahan kang katon ing lahir; gumêbyar: sumorot padhang; sa-[x]-an: sakêlapan, satleraman.
gêbyas: kn:gêndul cilik.
gêbyug: I kn:padha rupane, têmpuk; ng-[x]: 1 nggrudug, mèlu nrombol; 2 nyampyuk tmr. banyu ut. ombak; [x]-an: 1 racakan, carukan tanpa dipilah-pilah; 2 pasisir, têpining sêgara sing kêrêp kasêmpyok ing alun.
gêbyur: kn:1 pêpindhan swaraning banyu kagrujugake lsp; 2 êngg. adus wuwung; ng-[x]: 1 ambyur ing banyu; 2 nyêmplung ing kalanganing pakumpulan lsp; 3 ngadoni wedang bubuk (tèh) gulane kacêmplungake babar-pisan dicampur nalikane ngadoni.
gêbyog: I kn:blabag sing dianggo pêpagêring omah; di-[x]: (omah) dipagêri ing gêbyog. II [x]-an êngg. kn: têpining sêgara sing kêrêp katêmpuk ing alun; kc. gêbyug.
gêblag: kn:1 katêranganing tiba klumah; 2 dina kabênêr patine, up. dina [x]-e wong tuwa ora kêna dianggo duwe-gawe; ng-[x]: 1 tiba mlumah; 2 pc. jatuh, tiba (dipocot lsp); kêgêblag: tiba klumah.
--- 138 ---
(gêblas) ~ gêjugan.
(gêblas): ng-[x] kn:1 lunga bablas (rikat); 2 minggat.
gêblèg: kn:1 pênjalin dianam dianggo nggêbugi kasur lsp. murih rêsik; 2 ar. perangan ing lapaking jaran; 3 êngg. ar. panganan sing digawe tela; ng-[x]-i: 1 nggêbugi kasur lsp. nganggo gêblèg; 2 nggêbugi nganggo barang sing amba.
gêblêg: I kn:bngs. lurik tênunane kasar. II kn: 1 ks. bodho; 2 êngg. budhêg tmr. dhuwit.
gêblug: I kn: pêpindhan swaraning barang êmpuk tiba lsp; di-[x]-(i): 1 digêbyagi, digêbugi; 2 dithuthuki, diidak-idak amrih madhêt lsp; pa-[x]: pagêring (ungsum lêlara). II êngg. kn: bujêl, kêthul.
gêblog: kn:1 ukuran saambaning èpèk-èpèk; 2 êngg. êmblog, tmr. mori, tênunan lsp.

gêbug: n. gêbag k:gitik gêdhe; di-[x]: 1 digitik nganggo gêbug; 2 (di-[x] prang) ditêmpuh (disêrang) prang; 3 (di-[x] lotre, di-[x] dhadhu) diundhi sarana lotre (dhadhu); 4 (di-[x] racak) digêbyah-uyah, diracak.
gêbung: kn:bêngkêkan, untingan, up: dluwang sa-[x]; di-[x]: dibêngkêk.
gêbog: êngg. kn:1 gêdêbog; 2 (sa-[x] êmblog mori lsp; 3 bngs. sênik gêdhe; kc. gêbug.
gêbrag: mak [x] kn:katêrangan lan pêpindhaning swara nêbak meja, ambèn lsp; ng-[x]: 1 nêbak apa-apa sing lumrahe rata (ambèn, meja lsp); 2 nungkak wêtêng jaran supaya bantêr playune.
gêbrah: kn: ora bisa ngrasakake enak tmr. cangkêm.
gêbral: mak [x] êngg. pc:mak brol, mak bral.
(gêbras): I ng-[x] êngg. pc:nggêblas lunga bablas. II di-[x] êngg. kn: dikêpras, dipapras.
(gêbrat, gêbrèt): êngg. pc:[5] gêbras I
gêbrès: mak [x] kn:katêrangan ut. swaraning waing lsp; [x]-[x]: 1 gabêr-gabêr, nyêmprotake irung marga mambu sing ora enak; 2 pc. êmoh bangêt.
gêbrug: kn:pêpindhan swaraning barang antêb tiba lsp; di-[x]: dilêmbutake ut. dimadhêtake.
gêbrus: kn:gabrus; ng-[x]: 1 nggabrus; 2 maculi ut. nggêmpur guludan supaya ajur.
gêdabag: kn:dabag, bngs. gêdhèg sing kasar.
gêdabig: mak [x] kn:katêrangan polah kang ngêgèt; [x]-an: 1 polah ngolang-ngaling (yèn turu); 2 ora jênjêm, tansah bingung anggone golèk butuh lsp.
(gêdabul): ng-[x] kn:1 rêgêd gupak blêthok lsp; 2 (ut. nggêdabrul) êngg. omong-omongan sinambi gêgojègan.
(gêdabur, gêdabrul): ng-[x] êngg. omong-omongan sinambi gêgojègan.
gêdandap: mak [x] kn:katêrangan polahing wong kagèt; [x]-an: polahing wong bingung ut. kagèt.
(gêdebag): I ng-[x] kn:1 ngglebag, njêmpalik; 2 gêdabigan. II ng-[x] pc: katon jêmbar tmr. dhadha lsp.
gêdegug: êngg. kn: gadug.
gêdêbag-gêdêbug: kn:tansah nywara pating gêdêbug.
gêdêbêg: I ut. [x]-[x] kn:swaraning wong mlaku lsp. II êngg. kn: bngs. grobag rodhane tanpa ruji.
gêdêbug: kn:pêpindhan swaraning barang tiba, sikil napak.
(gêdêbus): ng-[x] kn:omong gêgorohan.
gêdêbog: kn:wit gêdhang.
gêdêdêr: êngg. pc:ndhrêdhêg, ndhrodhog; kc. kêdêdêr.
gêdêr: kn:uyêk arane; gumêdêr: nywara rame.
gêdibal: kn:1 lêmah sing lumèngkèt ing sikil; 2 batur; [x] sampeyan k: baturmu (aku); kc. dibal, gêbal.
(gêdibêl): ng-[x] kn:krasa abot tmr. sikil up. nganggo sêpatu lsp.
gêdindang-gêdinding: kn:pundhake (bangkèkane) oyag ing nalikane mlaku.

gêdubang: kn:idu abang ing nalikane nginang; kc. dubang.
(gêdublong): ng-[x] ks: 1 dublong; 2 kojah, ngêcêmong.
gêdudon: êngg. pc:kêsalahan; kc. kêdudon.
gêduga: n. gêdugi k. pc:kêduga (bisa nglakoni).
gêduwung: kn. pc:kêduwung (gêtun).
(gêdogrog): ng-[x] êngg. pc: njêdodrog.
gêdrag-gêdrug: kn:bola-bali pijêr nggêdrug.
gêdrah: kn:1 sumêbar ingêndi-êndi; 2 ngêmbrah, lumrah.
gêdrig: (W) kn:1 cap-capan; 2 tulisan cara cap-capan.
(gêdrug): I [x]-[x], gêdrag-[x] kn:napakake sikil ngégèt bola-bali (marga muring lsp); ng-[x]: napakake sikil ngêgèt. II kn: bung laos.
gêjag: kn:1 rame ut. dêdrêg anggone tarung ut. kêrêngan; 2 pc. padha kuwate (digdayane); di-[x]-(i): digêbyagi, dithuthuki tmr. galar lsp.
(gêjah): ng-[x] êngg. kn:ngênêtake nganti dhêkok, nuthuk.
(gêjêg): ng-[x] êngg. kn:1 têrus bae tanpa lèrèn; 2 ngujêg.
gêjig: I kn:1 bngs. linggis kayu; 2 êngg. linggis ingisor njêbèbèh; ng-[x]: namakake gêjig. II kn: pincang marga sikile sing siji cupêt.
(gêjil): di-[x] kn:diantêm nanging mung nganggo driji papat katêkuk.
(gêjlèg): ng-[x] kn:pijêr mara (têka); kc. èjlèg.
gêjlig: I kn:katêranganing anjlog lsp; jlig. II kn: tambêngan banyu, pintu air; kc. jêglig, gêjugan.
gêjlug: mak [x] kn:katêranganing anjlog lsp.
gêjujur: kojur [x] pc:tansah kojur (cilaka); kc. kêjujur.
gêjug: I êngg. kn:linggis. II di-[x] êngg. pc: ditêndhang, didugang.
gêjugan, gêjlugan: êngg. kn: lawang
--- 139 ---
sing yèn ngêngakake kasodhok munggah.
(gêjus) ~ gêdhong.
(gêjus, gêjos): mak [x] kn:katêrangan tumamaning lêlandhêp.
(gêjojor): ng-[x] pc:sikile disêlonjorake kêncêng; kc. kêjojor.
(gêjog, gêjroh): ng-[x] kn:nojoh nganggo têkên lsp.
gêjras: mak [x] kn:katêrangan tumamaning pacul lsp.
gêjrut: mak [x] kn:dumadakan mêcothot mêtu.
(gêdhag): ng-[x] kn:nggêrtak sarta nantang sêmu ngina; sa-[x]-an: saungsuman ing nalika iki.
gêdhag-gêdhig: kn:umuk, ngêndêl-êndêlake.
gêdhag-gêdhog: kn:tansah nywara dhag-dhog (jaran ana ing gêdhogan); kc. gêdhog.
gêdhah: kn:1 warnane sêmu ijo (kanggo tutup jêndhela lsp); 2 bêling ut. porsêlin warnane sêmu ijo; 3 br. bngs. cangkir; 3 (ut. biru [x], gumêdhah biru ênom).
gêdhah-gêdhih: ora ana [x] êngg. pc:ora ana apa-apa.
(gêdhakal): [x]-an kn:1 mbrangkang maju sêmu kêsusu; 2 gita mapagake (mara lsp).
gêdhana-gêdhini: kn:sêdulur loro lanang karo wadon.
(gêdhandhul): ng-[x] kn:gumandhul.
(gêdhandho): ng-[x] kn:mbêdhandho.

gêdhang: n. pisang k:ar. wit sarta wohe jênênge warna-warna, up.[x] kêpok, [x] raja, [x] gêndruwo lsp; kêmbang [x]: ar. lurik; rara [x]: prawan sing mêtêng [x] pupus cindhe pr: kamelikan (kabêgjan) sing mokal; rubuh-ruhub [x] pr: sêmbahyang mung anut polahing liyan, ora mangêrti rapale; disuguh [x] bangka pc: ditabok.
gêdhang-ayu: n. pisang-ayu k:gêdhang isih wutuh dianggo slamêtan.
gêdhangklik: pating [x] kn:ora kukuh anjing-anjingane.
gêdhangkrang: ng-[x] kn:linggih ana ing papan sing dhuwur sarta katon gagah kc. kêdhangkrang.
gêdhang-salirang: kn:omah mung saêmpyak.
(gêdhapal): [x]-an kn: gêdhêmpalan.
(gêdhawa): ng-[x] êngg. kn:nganggêp luput (kliru).
gêdhe: n. agêng k:1 kb. cilik; 2 akèh banyune tmr. kali; 3 akèh, bangêt kêladuk tmr.minum, mangan, angin udan; [x] atine: mantêp, mongkog; [x] êndhase: umuk; [x] danane: akèh danane; [x] tirakate: anggone tirakat mêmpêng; [x] walate: malati bangêt; dina [x]: dina sing dimulyakake, riyaya; aksara [x]: aksara murda; priyayi [x]: priyayi luhur; gumêdhe kn: umuk, ambêg luhur; digêdhèkake: digawe supaya luwih gêdhe; pang-[x]: 1 lurah, pangarêp, jêjênggul; 2 peranganing omah antarane brunjung karo èmpèr; dipanggêdhèni: dipangarêpi; kc. gêdhèn.
gêdhe-dhuwur: n. agêng-inggil k:pawakan sing gêdhe lan dhuwur.
gêdhèg: kn:1 nam-naman pring rada kasar; 2 aling-alinging omah sing digawe nam-naman pring; rai [x] pc: ora duwe isin; di-[x]-i: dipagêri (dialing-alingi) ing gêdhèg.
gêdhèn: n. agêng-agêngan k:sarwa akèh ut. sarwa gêdhe tmr. mantu, totohan lsp.
gêdhêg: I kn:saèm. gèdhèg nanging mung sêmu manthuk; [x]-[x]: gèdhèg-gèdhèg marga gumun ut. mangkêl bangêt; di-[x] êngg: didhêdhêg. II êngg. rêgêd, lêthêk; gêgêdhêging bumi br: lêlêthêking bumi, gêlah-gêlaging jagat. III êngg. kn: ora ana sing kalah ora ana sing mênang tmr. adu kêmiri lsp. IV ng-[x] kn: 1 judhêg, mbêdhêdhêg atine; 2 êngg. bungah bangêt; 3 êngg. ngêpêng bangêt ênggone macak; anggêgêdhêgi ati: nggumunake bangêt; di-[x]-ake êngg: dilêmparakake tmr. têtanduran; [x]-an êngg: pêng-pêngan ênggone macak lsp; [x]-ane pc: pêng-pêngan, sing disênêngi bangêt.
(gêdhêgêl): ng-[x] atine êngg:mêndhêkêl atine.
gêdhêle: êngg. pc:kêdhêle, dhêle.
gêdhêm: pc:gêdhe bangêt.
gêdhêmpalan: kn:1 nututi (mlaku) kanthi rêkasa bangêt; 2 gita mapagake.
(gêdhêngkrêng): ng-[x] kn:linggih ora mingsêt-mingsêt; kc. kêdhêngkrêng.
gêdhêpêk: mak [x] kn:katêranganing linggih srêg sarta tata.
gêdhig: kn:1 gêgêring kampak lsp. dianggo nuthuk: 2 (ut. [x]-an) gêbug sing dianggo ngoncèki kêdhêle lsp; di-[x]: 1 êngg. pc. dijotos; 2

dithuthuk nganggo gêgêring arit lsp; 3 dioncèki sarana dithuthuki nganggo gêdhig.
gêdhig-manggala: br:gêgêdhuging prang; kc. gêdhag-gêdhig.
(gêdhingkring): ng-[x] kn:linggih ana ing papan sing dhuwur sarta ora mingsêt-mingsêt; kc. kêdhingkring.
gêdhug: kn:1 gadhug, dhug; 2 êngg. pc. pantog, têkan; di-[x] êngg: dipantogake, ditêrusake nganti pantog; gêgêdhug: agul-aguling prang; di-[x]-[x]-ake: dithuthuk-thuthukake nganti nywara dhug-dhug.
gêdhut: êngg. pc:kêdhut.
gêdhungsangan: kn:nusul (mlaku) kanthi rêkasa.
gêdhobyah-gêdhobyoh: kn:pating krêmbyah marga kêgêdhèn tmr. klambi lsp.
gêdhobrah-gêdhobroh: kn:gêdhobyah-gêdhobyoh.
gêdhog: kn:1 pêpindhaning swara saèm. gedhug-gedhug; 2 (wayang [x]) wayang sing nyritakake Panji; ng-[x]: nêbak meja lsp. nganti muni dhog-dhog; [x]-an: kandhang jaran.
gêdhoh: I êngg:kuping; kc. godhoh. II [x]-an êngg: 1 êndhêg-êndhêg; 2 ks. watak, jêroan.
gêdhokan: êngg: nanduri pari ing sawahing liyan sarana olèh saprapating pamêtune; kc. kêdhok.
gêdhong: I kn:1 (omah [x]) omah sing mawa pagêr bata; 2 ([x] pêtêng) kunjara; 3 gudhang panyimpênan ut. kanggo cêcawis dhahar ing kraton lsp; 4 ([x] têngên, [x] kiwa) gêgolonganing abdi-dalêm kraton sing ngrêksa gedhong 3; 4 (juru [x])
--- 140 ---
wong sing tinanggênah nyêkêl dhuwit lsp. ing dalême para luhur; 4 ([x] pêtêng) kunjara; di-[x]: dilêbokake ing gêdhong; [x]-an: êngg: paturon (omah buri); pa-[x]-an: 1 critane dhalang sadurunge ngêtokake wayang; 2 paugêran wêwaton ing padhalangan; 3 paugêran (ngèlmu) sing diugêmi; 4 sêdya (karêp) sing isih winadi; 5 ar. nêgara ing jaman kuna (kabawah ing Daha). II kn: jarit lsp. sing dianggo mblêbêd bayi; di-[x]: diubêd-ubêd ing gêdhong.
gêdhongklak-gêdhangklik ~ gêli.
gêdhongklak-gêdhangklik: kn:kc. gêdhangklik.
(gêga): k:gugu.
gêgala: kn:kc. gala.
gêgaman: n. dêdamêl k:gaman.
gêgana: kn:awang-awang; ng-[x]: mabur.
(gêgêg): ng-[x]-i kn:ngêngkoki, ngugêmi, ndhaku.
gêgêh: kw:kukuh, sêntosa.
gêgêl: kn:1 (ut. [x]-an) athik-athikan paku lan tanganing wayang; 2 êngg. lèngkèt bangêt marang; di-[x]-i: ditrapi gêgêl tmr. wayang; [x]-an: 1 mawa gêgêl (athik-athikan); 2 (kewan [x]-an) kewan sing akulit kandêl mawa lêlingkapan kaya dene gangsir, walang lsp; 3 apa-apa sing dilèngkèti.
gêgêm: kn:1 kêpêlan tangan; 2 têkêman tangan; ng-[x]: 1 ngêpêl tangan; 2 nggawa apa-apa sarana katêkêm; 3 nguwasani, ngrêgêm;

ng-[x] dhuwit: duwe dhuwit; ng-[x] tangan: kêsèd, ora gêlêm tumandang ing gawe; ng-[x] watu: ngigit-igit nêdya malês nanging sinamun.
(gêgên): ng-[x] kw:nyandhak, nyêkêl.
gêgêr: kn. pêngkêran ki:peranganing gêmbung sing buri; adu [x]: linggih ungkur-ungkuran; ng-[x]: 1 kaya gêgêr; 2 tansah ana ing buri, ora bisa maju tmr. prajurit sing mangsah pêrang; 3 (linggih ng-[x]) linggih ora mingsêt-mingsêt; ng-[x] sapi: lumahe mlêngkung tmr. dalan lsp; ng-[x] wêlut: nggligir tmr. pinggiraning klasa pasir lsp.
(gêgês): I ng-[x] kn:1 ngiris gêdhèg lsp. alon-alon; 2 ngiris kaya nggêrêti; 3 ngênês, sêdhih. II ng-[x] pc: njêkut (adêm) bangêt; kc. kêkês, grêgês.
(gêgêt): ng-[x] kn:1 nggathukake untu sarta diênêtake kêncêng; 2 êngg. kaku uwange marga kakehan ngguyu.
(gêgrêg): ng-[x] êngg. kn:njêgrêg, njêngêr.
gêgwan: kw:cêkêlan; kc. gêgên.
gêk: [x]-[x] kn:swaraning ngombe.
(gêkêng): ng-[x] êngg. kn:ora obah-obah sêmu mantêp bangêt.
gêla: kn:1 rasa cuwa marga ora cocog karo kang dikarêpake; 2 êngg. ora prêduli; nggêlani: njalari gêla.
gêlah: kw: rêrêgêd, lêlêthêk; [x]-[x]-ing jagat: rêrêgêding jagat (sing ala dhewe).
gêlak: I êngg. kn:sêlak (tumuli arêp). II ng-[x] kn: ngenggalake laku, nyrêmpêng ing gawe supaya enggal rampung; [x]-an: pagawean sing digêlak; kc. gêlêk.
gêlam: kn:ar. têtuwuhan.
gêlana: kw:1 angkuh, anglês; 2 susah, sêdhih.
gêlang: I kn. binggêl ki:kolongan êmas lsp. dianggo rêrêngganing tangan; têmu (têpung) [x]: kêmput mubêng agathuk; [x]-an: 1 kolongan wêsi lsp; 2 dolanan nganggo kolongan wêsi (ulah-raga lsp); 3 (ut. pa-[x]-an) sadhuwuring polok, ugêl-ugêl. II di-[x] êngg: dibuwang tmr. turahan pangan; di-[x]-i: diwènèhi lorodan pangan.
gêlap: I kn:gênining blêdhèg sing nyambêr; untu [x]: rodha sing pinggirane mawa cringih-cringih; ng-[x]: (kaya gêlap) nggêblas, lunga bablas. II (M) kn: pêtêng (ora têrang saka nêgara ut. tanpa idin), up. candu [x]. III ng-[x] payon kn: mbukak payon tmr. maling lsp.
gêlap-paju: kn:blêdhèg yèn nyambêr sing disambêr sigar ut. madhul-madhul.
gêlap-wedang: kn:blêdhèg yèn nyambêr sing disambêr lodhoh (mlosoh).
gêlar: kn:jèrèng, jèmbrèng; 2 sêmune (katone) ing lahir, rêrekan kang ginawe ngapusi lsp; 3 tataning baris, ubêd lakuning pêrang; dianggo [x]: dianggo rêrekan murih ngandêl lsp; alane [x] dening yêkti pr: ora mung nggugu gunêm bae, bêcik dinyatakake; wis sa-[x] sapapan: wis miranti ut. sumadiya; gumêlar: 1 jumèrèng; 2 wis têrang bangêt; 3 kang wis katon tumata, up. kabèh sing gumêlar ing bumi; ng-[x]: 1 njèrèng lan nata klasa lsp; 2 ngudhar, mahyakake, up. ng-[x] wadi, ng-

[x] pangawikan; ng-[x]-i: nggêlar klasa lsp. ing; ng-[x]-ake: 1 namakake (nindakake) gêlar; 2 nêrangake, mahyakake, ngudhar; kc. pagêlaran.
gêlaran: k:klasa.
gêlas: (W) kn:1 piranti kanggo ngombe sing digawe bêling; 2 êngg. bêling, kaca; di-[x]: digosok lan diusari ing bubukan bêling tmr. bolah layangan; [x]-an: 1 êngg. bêning kaya gêlas; 2 wis digêlas tmr. bolah; 3 bubukan bêling lan ancur dianggo nggêlas.
gêlèk: kn:gêndul mblêndhuk wadhah minuman.
(gêlèt): di-[x]-(i) êngg:digolèki.
gêlêk: 1 kw. rikat; 2 êngg. kêrêp lunga.
gêlêm: n. purun k. kêrsa ki:1 ora lênggana; 2 (ut. [x]-an êngg) gampang manut, sênêng nindakake sing ora samêsthine, up. [x] njêjupuk; 2 êngg. arêp (ora êmoh); [x]-an: manutan; 2 gampang gêlêm laku sisip.
gêlêng: I kn:1 golong, kumpul; 2 ([x] rêmbuge, [x] pikire) gilig, wis matêng rêmbuge; [x]-[x]: 1 wis gêgolongan (pêpanthan); 2 cêtha (têrang) bangêt; gumêlêng: 1 wis kumpul agolong; 2 cêtha bangêt; ng-[x]-i êngg: ngandhani kanthi têrang; ng-[x]-ake: mantha-mantha miturut gêgolongane, nggolongake; (ge)[x]-an: gêgolongan, golongan. II kw: nêpsu, muring.
gêli: êngg. kn:1 anyêl, mangkêlake; 2 kumudu ngguyu marga sumurup apa-apa sing anèh.
--- 141 ---
(gêlik) ~ gêmbrang.
(gêlik): [x]-[x] pc:ijèn tanpa rewang (ana ing papan sing sêpi).
gêlis: (ut. [x]-an êngg) kn:enggal, rikat.
(gêlit): [x]-an, gêgêlitan kn:1 pêperangan ut. pêprincèning barang; 2 athik-athikan. ros-rosan; 3 gêgathukaning prakara.
gêlu: kn:1 lêmah kêpêlan cacahe pitu dianggo ngganjêl mayit sing dikubur, 2 êngg. lêmah kêpêlan omahing urèt.
gêluk: êngg. pc:bêluk (kêbul).
gêlung: kn. ukêl ki:tataning rambut sing diukêl, arane warna-warna, kc. [x] kondhe, [x] bokor, [x] têkuk, [x] kadhal mènèk lsp; di-[x]: 1 diukêl lan ditata tmr. rambut; 2 êngg. ditalèni dadi siji; 3 br. dianggit, dikarang; [x]-an: 1 nata gêlung; 2 nganggo gêlung.
gêlur: ut. [x]-an êngg. kn:1 nywara klêrêk-klêrêk; 2 ngorok, sêsêngguran; 3 gêgosokan maju-mundur.
gêlut: kn:rukêt sikêp-sikêpan adu karosan.
gêlok: êngg. kn:kerekan manuk.
gêmah: kn:rêja tmr. nêgara. [x] aripah: rêja sarta akèh wonge.
gêmak: n. puyuh k:ar. manuk sing diêdu sing lanang jênênge bênce; [x]-an: 1 dolanan niru gêmak tarung yaiku sarana cathok gawèl banjur pejet-pejetan jêmpol; 2 ar. kewan bngs. walang rupane lirik-lirik.
gêman: êngg. kn:kêrêp nindakake, pundhuh, kulina.
gêmang: êngg. pc:êmoh, suthik.
gêmati: n. gêmatos k. pc:gumati; kc. gati.

gêmbaya: kn:ar. bakal rupane abang sok kanggo kacu lsp.
gêmbayak: pc:kêbayak (klambine wong wadon).
gêmbak: êngg. kn:bngs. bodhag (tenggok gêdhe).
gêmbala: pc. ki:jenggot; kc. gumbala.
gêmbar-gêmbor: kn:tansah nangis (mbêngok) sêru; kc. gêmbor.
gêmbelang-gêmbèlèng: kn:lumaku glelengan; kc. gêmbèlèng.
(gêmbèlèng): ng-[x], [x]-an kn:glelengan ing nalikane mlaku.
(gêmbelo): ng-[x] kn:êndhase gêdhe; 2 krasa abot êndhase; 3 umuk, gêdhe êndhase.
gêmbèng: kn:gampang nangise; 2 êngg. kêsèd.
gêmbès: kn:1 kanthongan wlulang; 2 èngg. kanthong.
gêmbêl: I kn:pênthung cêndhak mawa pênthol timbêl (wêsi). II ng-[x] êngg. kn: mbiyêt wohe; kc. grêmbêl.
gêmbêngan: êngg. pc:golongan; kc. gêbêng(an).
gêmbês: I êngg. kn:gêrêtan (gêthakan) ing balok ut. kayu sing ditrapi tampar banjur digèrèt; 2 pênthol; di-[x] pc: diapusi. II êngg. kn: ngêmu banyu, ngêmbês.
gêmbil: kn:katon kandêl lêmu tmr. pipi.
gêmbili: kn:ar. wit lan wohe bngs. uwi.
gêmbira: pc:gambira.
gêmbiri: êngg. pc: gêbiri, kêbiri.
(gêmbyak): ng-[x]-i kn:mèlu ngombyongi bungah-bungah; gêgêmbyakan: gêgrombolan sênêng-sênêng.
gêmbyang: kn:larasing gamêlan sing gedhe karo sing cilik sing tunggal laras; ng-[x]: nabuh wilahaning gamêlan laras gedhe karo cilik dibarêng.
gêmbyong: kathok [x] pc:kathok cêndhak sikilane amba; kc. sagêmbyong.
gêmblak: I êngg. kn:gêndul cilik. II kn: tukang gawe dandanan kuningan. III (ut. [x]-an) kn: lèdhèk lanang; ng-[x]: ndhêmêni padha lanang.
(gêmblang): ng-[x] êngg. pc:ngilak-ilak apadhang.
gêmblèk: êngg. kn:1 linggih sêk-sêkan; 2 mbiyêt.
(gêmblèng): ng-[x] kn:mandhe (malu) wêsi lsp; [x]-an: 1 wêsi lsp. sing wis digêmblèng; 2 palu sing dianggo nggêmblèng; 3 sing apik dhewe, pêng-pêngan, jêjênggul.
gêmblêng: [x]-e êngg:gunggung kumpul dadi siji; di[x]-ake: dikumpulake dadi siji.
gêmblêp: kn:lêmu akandêl tmr. rai.
gêmbluk: kn:anak babi.
gêmblung: I êngg. kn:gêndhêng, edan; 2 niyaga; [x] jinurung, edan kêwarisan pr: wong atindak ala sing sapari-polahe sarwa kêbênêran. II ng-[x] êngg. kn: nggulung ing, nyêmplung. III ng-[x] êngg. kn: golèk (ndhudhuk) pala-kêpêndhêm ana ing alas.
gêmblong: kn:ar. panganan (bngs. jadah ut. gêthuk).
gêmbuyakan: êngg. kn:gêgêmbyakan.

gêmbuk: kn:1 êngg. mêmêl tmr. daging lsp; 2 êmpuk tmr. kayu; 3 guling cêndhak sarta bundêr; [x]-[x]: êmpuk gênjuk-gênjuk; [x]-an êngg: ar. panganan (galundhêng).
(gêmbulêng): ng-[x] kn:katon gêdhe (kandêl) sarta pêtêng tmr. ombak, mêndhung lsp.
gêmbung: kn:1 blêgêring awak (tanpa sikil, tangan lan êndhas); 2 undhi (bal) ing dolanan raton.
(gêmbur): [x]-[x] kn:êmpuk gênjuk-gênjuk; yuyu [x]-an: yuyu sing thothoke êmpuk.
gêmbus: 1 kn:damèn lsp. diuntêl-untêl dianggo ganjêl yèn nyênyunggi; 2 ar. tempe sing digawe ampas tahu; 3 ks. têmbung pangina ut. cêcampah.
gêmbok: kn:piranti dianggo ngancing ut. ngunci; di-[x]: dikancing nganggo gêmbok.
gêmbolo: kn:bngs. gêmbili ut. uwi.
(gêmbong): di-[x] êngg:diblêbêg ing banyu; kc. kêmbong, kêndhong.
gêmbor: I kn:bngs. cèrèt gêdhe cucuke nganggo tutup abolongan cilik-cilik dianggo nyirami kêmbang lsp. II [x]-[x] kn: bêngok-bêngok; ng-[x]: 2 nywara sêru; 2 ks. nangis.
(gêmbos): ng-[x] kn:kêmpès marga angine mêtu tmr. ban.
gêmbrang: I mak [x] kn:katerangan lan pêpindhaning swarane blèg tiba lsp. II êngg. kn: suwung. kothong; 2 mung kari mêrang marga dipangan manuk
--- 142 ---
tmr. pari; gumêmprang: parine wis kopong êntèk dipangani manuk; gumêmbrang ora adang pr: kêkelangan êntèk-êntèkan.
(gêmbrèk) ~ (gêndhuk).
(gêmbrèk): [x]-[x] êngg:sêsambat ngaru-ara.
gêmbrèng: kn:1 bèri; 2 blèg ditabuh dianggo mêdèni manuk lsp; 3 êngg. blèg lênga petroli; 4 (lampu [x]) êngg. ting gantung nganggo tèdhèng blèg; ng-[x]-i: nabuh gêmbrèng dianggo têngara ut. nggusah; di-[x]-ake pc: diundhangake.
(gêmbrèt): [x]-[x] kn:1 jêlih-jêlih; 2 pc. sêsambat ngaru-ara; ng-[x]: mlayu inthar.
gêmbring: kn:1 tipis lan mimring tmr. tênunan; 2 êngg. palsu tmr. dhuwit; 3 êngg. ks. gêndhêng, baring; têmbaga [x]: têmbaga blebekan tipis; ora [x] ora waring pr: ora nyandhang (mlarat bangêt).
gêmbro: êngg. kn:aras-arasên lan kêsèd.
(gêmbrong): [x]-an, gêgêmbrongan êngg. pc:nywara rame bangêt.
gêmbrot: pc:ar. lawuh sing digawe krambil karo godhong sèmbukan lsp.
gêmela: [x] wela-wela kn:ngêgla bangêt (cêtha bangêt).
gêmèndhèl: pc:krasa abot: kc: gèndhêl.
gêmêdhe: kn. pc:umuk; kc. gumêdhe, gêdhe.
gêmêmblang: êngg. pc:padhang bangêt; kc. gêmblang.
gêmêmplang: kn:panas bangêt tmr.srêngenge; kc. gêmplang, kêmplang.

gêmênyal, gêmênyol: pc:êmpuk mêndat; kc. kênyal, gênyol.
gêmês: êngg. kn:ngigit-igit bangêt.
gêmêt: êngg. kn:1 êntèk babar pisan; 2 tapis (titi bangêt) ênggone nggêgolèki.
gêmi: kn:kanthi ngirit lan ngati-ati panganggoning barang-darbèke ut. dhuwite; digêmèni: diirit-irit anggone nganggo barang darbèke (pamêtune).
gêmiyèn: êngg:biyèn.
gêmi-nastiti: kn:gêmi sarta titi bangêt.
gêmladhag, gêmlidhig: kn:bantêr tmr. lakuning banyu lsp; kc. gladhag.
gêmlèdhèg: kn: 1 bantêr ubênge; 2 bantêr lancar; kc. glèdhèg.
gêmlêdhêg: kn:1 nywara glêdhêg-glêdhêg kaya kawahing gunung lsp; 2 ([x] atine) mangkêl bangêt; kc. glêdhêg.
gêmlidhig: êngg. kn:1 gampang anggone mili, mlaku lsp; 2 ngglidhig bangêt; kc. glidhig.
gêmlindhing: kn:1 ngglindhing; 2 êngg. mili têrus; 3 manut bae; kc. glindhing.
gêmludhug: kn:nywara gludhug-gludhug; kc. gludhug.
gêmlupak: êngg. kn:groyok, gragapan.
gêmluwèh: kn:ora ngati-ati, sêmbrana.
gêmuh: I kn:gêdhe wêwêg, lêmu wêwêg. II êngg. kn: gulungan lawe.
gêmuk: kn:1 lênga dianggo nglêngani indhên lsp.; 2 lênga gajih; di-[x]: dilêngani nganggo gêmuk.
(gêmok): di-[x] êngg. pc:didêmok.
gêmpal: kn:1 cuwil gêdhe tmr. watu, padhas lsp; 2 kalong, dirèmèhake tmr. panguwasa, tata-têntrêm lsp; ([x] atine) êntèk pangarêp-arêpe (kapitayane); [x] rusaking nêgara: karusakaning nêgara; nanggung bêdhahe bêbêde, gêmpale warangkane pr: nanggung yèn ora bakal agawe karusakan ut. kapitunan; ng-[x]: agawe gêmpal; nggêgêmpal (ng-[x]-ake) kaluhuran (kaprabon lsp): nyuda ut. agawe rusaking kaluhuran (kaprabon lsp); [x]-an: prongkalan watu lsp. sing tilas gêmpal.
gêmpang: kw:sirna, rusak kabèh.
gêmpi: kn:êmpuk kêsêt gampang yèn dimamah.
gêmpil: (gêmpèl êngg) kn:cuwil (gêmpal) sathithik.
gêmplang, gumêmplang: kn:panas sumêlèt; di-[x]: diêpe ing panasan.
(gêmplêng): di-[x]-ake êngg. pc:digêmblêngake; kc. gêmblêng.
gêmplung: suwung [x] êngg. pc:suwung blung.
gêmpung: I kn:1 sirna, rusak babar pisan; 2 ([x] atine) mangkêl, gêmês.
gêmpur: kn:rêmuk ajur; di-[x]: dirusak sarana dirêmuk.
gêmpol: kn:1 ar. wit sarta wohe; 2 (jênang [x]) ar. jênang nganggo ampas glintiran glêpung bêras; gumêmpol; daginge lagi mêmêl-mêmêle tmr. pêdhèt; di-[x]êngg: dicolong têrus dipragat tmr. sapi, kêbo, wêdhus.
(gêmpor): [x]-[x] êngg. kn:nywara rame (sêru); kc. gêmbor.

(gêmprong): ng-[x] kn:nywara rame bangêt (nggêro, mbêngok, swaraning titir lsp); [x]-an êngg: gêjog, kothekan.
gêmrayah: pc:1 katon akèh bangêt uyêk-uyêkan; 2 krasa gatêl; kc. grayah.
gêmrining: pc:rêsik bangêt; kc. gumrining.
gênah: kn:1 êngg. prênah, dunung; 2 êngg. kanggo, diênggo ...; 3 cêtha, têrang têtela; 4 tata, ngêrti tata, up. si Amat pancèn rada ora [x] (kurang ajar); wis [x], wis prênah (tanah) pr: wis kêbênêran tmr. jêjodhoan; ng-[x] êngg: manggon, dumunung; ng-[x]-ake: 1 mrênahake; 2 nyatakake, takon kêpriye têrange; [x]-[x]-an: têrang-têrangan, wis padha dene pratela.
gênau: êngg. pc:sinau; kc. ginau.
gêndam: kn:kêmat, japa-mantra; [x] pangasihan: japa-mantra murih bisa disihi; ng-[x]: 1 êngg. mikat iwak loh; 2 matak aji nganti bisa gawe kaelokan; 3 namakake pangasihan; pang-[x]-an: aji dianggo nggêndam.
gêndani: êngg. kn:pring cêndhani.
gêndèr: kn: ar. pêprincèning gamêlan mawa wilahan 14 sarta bumbung; ng-[x]: 1 nabuh gêndèr; 2 (ut. [x]-an) nata apa-apa kawangun kaya wilahan gêndèr dadi padha antarane; [x]-an êngg: larikan thikilan têbu ing lubangan.
gêndera: êngg. kn:bêndera.
gêndir: êngg. kn:cêmêthi mawa pênthol; ng-[x]: 1 namakake gêndir; 2 ngukum sing kalah tmr. dolanan dhir-dhiran; [x]-an: dhir-dhiran, kênèkêran.
gêndug: ut. ng-[x]-i êngg: gadug.
(gênduk): [x]-[x] kn:êmpuk gêmbur-gêmbur; ng-[x]-i êngg: 1 wis krasa êmpuk gênduk-gênduk tmr. wong ndulêg lèng gangsir; pc: wis mèh kêlakon sing disêdya.
--- 143 ---
gêndul ~ gênêng.
gêndul: kn:wadhah anggur lsp. sing digawe bêling; kc. botol, gébyas; [x]-an: 1 êngg. bakul prombèngan; 2 dolanan ut. lotrèn nganggo kolongan kauncalake supaya lumêbu ing guluning gêndul.
gêndut: mak [x] kn:katêranganing mêntul ut. mêndat.
gêndra: kn:rame marga ana prakara sing ngêgètake.
gêndrèh: kn:1 apik sarta sarwa luwês; 2 ar. gêndhing.
(gêndring): ng-[x] kn:lumayu rikat.
gêndruk: kn:1 lêmu mêmpuh-mêmpuh; 2 ar. bngs. kimpul.
gêndruwo: kn:ar. mêmêdi awujud rasêksa; kc. gandarwa.
gêndruwon: kn:wong-wongan têtironing gandarwo.
gênjara: êngg. pc:kunjara.
gênje: kn:ar. têtuwuhan godhonge mêndêmi; mêndêm [x] ks: gêndhêng.
(gênjèng): di-[x] êngg:diukum sarana dikon mbadhe apa-apa sing digêgêm tmr. dolanan gathèng.
(gênjèr): ut. [x]-an êngg. kn:têrusan ora lèrèn-lèrèn.

gênjik: (gênjit êngg) kn:anak cèlèng.
gênjlèng: mak [x] kn:pêpindhaning swarane wong malu; kc. jlèng.
gênjlung, gênjlong: mak [x] kn:saèm. gênjlèng nanging luwih sêru; di-[x] pc: dipalu.
(gênjuk): [x]-[x] kn:êmpuk genjor-genjor.
(gênjur): [x]-[x] kn:êmpuk gêmbur-gêmbur; êndhog [x]-an: êndhog sing durung ana kulite.
gênjut: [x]-[x] kn:gêndut-gêndut; kc. gênjot.
(gênjong): di-[x] êngg:dijongkèng lan diusung.
gênjot: kn:1 obah mêndat mêntul, mêndul ngêgèt; 2 ora têntrêm, orêg; 3 êngg. kandhang wêdhus; di-[x] êngg: dipancad ngêgèt.
gênjrèng: kn:1 (ut. gênjring) bngs. klinthing; 2 (mak [x]) pêpindhaning swara saèm. jrèng, jlèng; 3 mbayar kropyok.
(gênjrèt): ng-[x] pc:lumayu bantêr (nggêndring).
gêndhaga: kn:bngs. pêthi dawa; kc. kêndhaga.
(gêndhayur): ng-[x] kn:gêdhe nglêmbèrèh tmr. wêtêng.
gêndhak: I (ut. [x]-an) êngg. kn:jêlehan, bosênan. II [x]-an êngg kn: dhêmênan. III (ut. [x]-[x]) êngg. kn: umuk, sêmangkeyan; kc. gêndhak-sikara.
gêndhak-sikara: kn:mialani wong ora apa-apa, ngganggu-gawe.
gêndhalungan: kn: gunêman tanpa tata-krama (ora trêp ênggone nganggo unggah ungguhing basa).
gêndharah-gêndhèrèh: pc: klêmbrèh-klêmbrèh
gêndhèng: I kn:tutup payon sing digawe lêmah dicithaki banjur diobong. II êngg. kn: gerong, sindhèn; ng-[x]: sindhèn mbarêngi gamêlan.
(gêndhèrèh): ng-[x] êngg:nglêmbrèh, nglêmbèrèh.
gêndhewa: kn: wilahan kayu (pring) mawa sêndhêng dianggo nglêpasake panah; ng-[x] gadhing br: kaya gêndhewa gadhing yaiku candrane lêngên sinmg bêcik; ng-[x] pinênthang br: kaya gêndhewa dipênthang, candraning lêngên sing sikute nêkuk mlêbu.
gêndhêk: êngg. pc:cêndhak lan gêdhe tmr. gulu; kc. gêndhok, gondhok.
gêndhêla: êngg. pc:kêndhêla.
(gêndhêlêng): [x]-[x] êngg. pc:katon bodho; kc. gêndhêng.
gêndhêng: kn:1 èngg. budhêg; 2 rada edan; 3 êngg. bodho bangêt.
gêndhi: êngg. kn:kêndhi.
(gêndhil): ng-[x] êngg. kn:1 tansah nêsu tmr. bocah-cilik; 2 kurang ajar.
gêndhing: I kn:1 lêlagoning gamêlan; 2 (abdi-dalêm [x]) tukang gawe gamêlan; 3 pc: reka-daya ut. sarana bisane kêturutan sing sinêdya; ng-[x]: 1 rêngêng-rêngêng kaya lêlagoning gêndhing; 2 nata (mranata) ing sadurunge; [x]-an 1 lêlagoning gêndhing; 2 êngg. rêngêng-rêngêng mitrurut lêlagoning gêndhing; 3 êngg. uyon-uyon, têtabuhan gamêlan; 4 (ut. pa-[x]-an) papane tukang gawe gamêlan; sa-[x]-e: pc. sakatoge, sakarêpe. II angin [x] êngg. (Prabalingga): angin laut sing saka wetan marakake lêlara lsp. (angin sing nrajang kawadanan

Gêndhing). III pupu [x] kn: pupu karo iwak ing balung enthong-enthongan tmr. pitik lsp.
gêndhis: k:gula.
gêndhu: kn:kc. gêndhon.
gêndhuk: kn:panyêbut marang bocah wadon.
gêndhulak: kn:1 ar. têtuwuhan wohe wungu sêmu biru; 2 warna wungu sêmu biru.
gêndhulak-gêndhulik: pc: mangga-mara rangu-rangu.
gêndhung: (ut. gumêndhung, [x]-an, adol [x] êngg. kn: umuk, sumangkeyan.
gêndhurèn: êngg. pc:kêndurèn; kc. kêndhuri.
gêndhuru: kn:ar. wit saèm. arèn nanging wohe rêrèntèngan mèmpêr wuni.
gêndhut: êngg. kn:gêdhe wêtênge.
gêndhok: I kn:gêndhêk, gondhok (gênuk). II sa-[x] êngg. kn: satangkêp tmr. gula; kc. gandhok.
gêndhon: kn:urèt arèn (salak lsp) sing enak dipangan.
gêndhon-rukon: kn:atut-runtut anggone jêjodhoan.
gêndhong: kn:têngara yèn ana maling lsp. sarana titir lsp.
gêndori: kn:pêntil waluh.
gêndhot: êngg. kn:lèdhèk pasindhèn.
gênèn, gêgênèn: n. lêlatu k:linggih cêdhak gêni, api-api; kc. gêni.
(gênêm): di-[x]-i êngg. kn:dibuntêl (diwungkus) banjur digodhog tmr. lêlawuhan; kc. bênêm.
gênêng: kn:dhuwur padunungane tmr. palêmahan; lêdhok (lêgok) [x]: mêndhak mêndhukul tmr. palêmahan; [x]-an: [[...]
--- 144 ---
[...x]-an:] punthuk, gumuk, lêmah sing dhuwur.
gênêp ~ gêrang.
gênêp: n. jangkêp k:1 ora ana kêkurangane, ganêr; 2 pc. ora ganjil; ora [x] pc: rada gêndhêng; ng-[x]-i: nambahi supaya gênêp.
gênêt: êngg. kn:glêpung.
gêni: n. latu k:sing murub nganakake panas sarta sorot; [x] salah: gêni tanpa sangkan; idu [x] pr: sagunêm-gunême diturut (kêlakon); duk sandhing [x] pr: wong wadon karo wong lanang yèn cêdhakan gampang nindakake patrap dudu; ngidak [x] blubukan pr: nrajang pakewuh tanpa wêweka; ora ana [x] tanpa kukus pr: anggêr ana kabar mêsthi ana kanyatane sênadyan mung sathithik; pati [x] kn: nglakoni ora mangan lan ora ngombe sarta ndhêlik ing sênthong; gêgêni (gêgênèn): api-api, totor; ng-[x] kn: 1 kaya gêni (nêpsu bangêt, panas bangêt atine); 2 njêjaluk mrèntèk-mrèntèk; digênèni: dipanasi nganggo gêni (digodhog lsp).
gêniyara, gêniwara: kw: tapa mung mangan sarwa mêntah.
gêniroga: kn:ar. bakal lurik warnane abang.
gênitri: kn:jênitri.
gênuk: kn:gênthong cilik tanpa lambe kanggo wadhah bêras lsp; [x]-an: ar. dolanan bocah (lumrahe bocah wadon).

(gênu-rasa): ng-[x] kn. ak:rêrêmbugan (nggunêm rasa).
gêntayangan: êngg. kn:bêntayangan.
(gêntak): di-[x] êngg: digêtak.
(gêntang): ng-[x] êngg. kn:nutu; [x]-an: lêsung.
gênteyong: pating [x] kn:geyong-geyong, pating grandhul.
gêntêr: I ng.[x] kn:nywara sêru nggêjêg. II kw: orêg, rame.
gênti: n. gêntos k:1 sêsulih; 2 giliran, up. saiki [x] sapa sing maca; 3 ijolan, walês winalês; up. [x] ngoyak; [x]-[x]: gêgiliran; nggêntèni: 1 nyulihi; 2 nuku barang wis dianggo ing liyan; gêntèn, gênti-gêntèn; giliran; kc. ganti.
gênting: ut. ng-[x] kn:mênggik mèh pêdhot ut. putung; [x]-an: apa-apa sing wis gênting.
gêntur: I [x]-an (ma-[x]-an br) kn:nywara gumludhug ambal-ambalan. II kn: bantêr ut. linuwih tmr. tapa; ng-[x] tapa: nyrêmpêng anggone nglakoni tapa.
(gêntus): ng-[x] êngg. kn:mbêntus.
(gêntoyong): ng-[x] êngg. kn:1 nggêgawa kang abot; 2 mlaku sênggoyoran; kc. bêntoyong.
gêntos: k:gênti.
gêntya: br gênti.
(gêncèr, gêncêr): ng-[x] êngg. kn:nggêjêg; 2 srêgêp, mêmpêng anggone tumandang.
gêntha: I kn:klinthing gêdhe, kalung sapi; gênthan: wangune kaya gêntha. II ng-[x] êngg. kn: tuku palêmahan ing kuburan; gênthan: palêmahan ing kuburan sing wis dituku.
gênthana: (-gênthini) êngg. kn:nindakake apa-apa tanpa nalar.
(gênthelo, gênthêlo): ng-[x] êngg. pc:ngenak-enak.
gênthèng: êngg. kn:gêndhèng.
(gênthiyêng): ng-[x] kn:katon rosa asaras tmr. pawakan.
(gênthilêng): ng-[x] kn:katon irêng mêncêrêng tmr. mata.
gêntho: kn:bangsat, bajingan.
gêntho-likêm: ks:gêntho tanpa sandhangan.
gênthong: kn:wadhah banyu gêdhe saèm. gênuk; ng-[x] umos pr: ora bisa simpên wadi.
gênthot: êngg. kn:lèdhèk pêsindhèn.
gêntho-tlèngsor: ks:gêntho ora duwe omah.
(gênyal, gênyol): mak [x] kn:katêranganing ndumuk apa-apa sing êmpuk mêndat; gumênyal, gumênyol; êmpuk mêndat.
gênyang, gênyèng: êngg. kn:nyênêngake (ngrêsêpake) tmr. wicara.
gênyus: mak [x] kn:mak nyus (tumamaning lêlandhêp).
gênyol: kc. gênyal.
gêng: br:gêdhe; kc. agêng.
(gênggêng): ng-[x] kn:1 katon gêdhe njênggêrêng; 2 katon sarwa apik tmr. tarub lsp.
gêpah: êngg. k:gupuh.
gêpak: kn:ora mbêndhul, trèpès; kêcik [x]: kêcik sing ora njêndhul.
gêpang: kw:rusak; kc. gêmpang.

gêpèng: kw:gèpèng; sambêl [x]: sambêl kacang tholo.
(gêpit): ng-[x] êngg. pc:njêpit, nggapit.
(gêpyah): ng-[x] êngg. pc:ngêmbrah, njlanah.
(gêpyok): ng-[x] kn:nyêmpyokake apa-apa ing.
gêplak: êngg. kn:1 atos lan lèngkèt; 2 ar. panganan; 3 malam lancêng.
(gêpluk): êngg. kn:kc. gêpuk.
(gêpuk): ng-[x] kn:1 ngrêmuk apa-apa sing atos sarana kathuthuk ut. kathuthukake; 2 êngg. mênthung; 3 êngg. pc. olèh kabêgjan ut. kauntungan gêdhe.
(gêpok): ng-[x] kn:1 ndumuk, ngênani; 2 nyêmoni, nyrêngêni sarana alus; [x]-an: 1 gêgèsrèkan, gêgayutan; 2 mèlu rêrêmbugan; ma-[x]-an: gêgayutan, gêgandhèngan.
gêpok-senggol: ora [x] kn:ora gêgayutan apa-apa.
gêprak: êngg. kn:kêprak.
gêpruk: êngg. pc:kêpruk.
gêr: kn:pêpindhaning swara gumuyu rame.
gêra: br ulurane têmbung agra.
gêrah: I kw:gludhug, swara sing gumludhug. II 1 kn. sumuk ut. krasa mriyang apanas; 2 ki. lara.
gêrah-uyang: kn:1 krasa lara panas sumêng-sumêng; 2 êngg. bingung byang-byangan; 3 êngg. pc. kumudu mêmangan bae.
gêrak: I kw: obah. II di-[x]-[x] êngg: dikuya-kuya, diurak-urak.
gêrak-gêrik: (M) êngg. kn: obah-owah, krêntêg-krêntêging ati.
gêrang: kn: 1 wis padha gripis marga wis lawas tmr. lading lsp; 2 ks. wis gêdhe, wis tuwa; [x]-an: 1 barang-barang sing wis
--- 145 ---
gêrang: 2 ks. wong sing wis tuwa ut. wis gêdhe.
gêrap ~ gêtih.
gêrap: êngg. kn:gêras.
gêras: kn:1 boros; 2 agal-agal ora bisa ngêmbêng banyu tmr. palêmahan; kc. garês.
gêrat: êngg. kn:1 gêras, garês; 2 panas bangêt, mriyang.
gêrba: kn. pc:garba.
gêrbong: kn:1 kreta (dhampar) mawa tinutupan ing langse; 2 kreta sêpur.
gêrdim, gêrdin: êngg. kn: paturon (têmpat tidur) kang nganggo klambu.
gêrji: kn:tukang ndondomi klambi.
gêrdhu: I êngg kn:kopêr, kimpul cangkingan. II kn: omah pajagan.
gêre: I êngg. kn:ora loh tmr. sawah. II kn: miturut sing rinungu.
gêrèh: kn:iwak sêgara sing digaringake lan diasin; walik [x] pr: nindakake pagawean gêntenan.
(gêrèng): asat ng-[x] êngg. kn:asat bangêt.
(gêrèng-gèntèng): ng-[x] kn:tansah njêjaluk ngujêg.[6]
gêrèt: kn:pêpindhan swaraning lawang diêngakake lsp; rèk [x]-an: rèk sing mawa batu lan lênga bènsin.
(gêrêg): ng-[x] kn:nggiring raja-kaya.

gêrêh: kw:gludhug; kc. guruh.
(gêrêng): [x]-[x] kn:nywara sêsambat lsp. marga lara; ng-[x]: nywara mêmêdèni kaya swaraning macan lsp.
(gêrêt): [x]-[x], [x]-an kn:garit-garit sing nandhês; di-[x]: digarit nandhês.
gêrgêlèk: kn:gêlèk.
gêrih: êngg. kn:gêrèh.
gêring: kn:1 lêlaranên tmr. kewan; 2 kuru bangêt marga susah ut. sêdhih bangêt; 3 ks. lara: nggêgêring: njalari gêring; [x]-ên kn: tansah gêring; pa-[x]: pagêblug (ungsum lêlara).
gêrit: kn:pêpindhaning swara saèm. gêrèt nanging lirih; gumêrit: nywara gêrit-gêrit; ng-[x] êngg: 1 ngubêngake (ngenggokake) grobag lsp; 2 ngubêngake gilingan lsp; 3 mbêburu kidang ut. mênjangan; [x]-an: 1 (ut. pang-[x]-an) gilingan apa-apa sing ditarik sapi mubêng; 2 pring planthangan bisa mubêng dianggo ngajari bocah sing wiwit bisa mlaku; 3 ar. dolanan bocah sarana gendhong-gendhongan; kc. gêrèt.
gêrma: kn:1 tukang mbêburu kewan; 2 êngg. pc. lurah palanyahan.
gêrnat: (W) kn:granat, gutuk api.
(gêru): [x]-[x] êngg. pc: guru-guru (kêsusu).
(gêrung): ng-[x] kn:1 nywara anggrung; 2 nggêro.
(gêrus): ng-[x] kn:1 nglêmbutake sarana digilês bola-bali; 2 nggosok nganggo kuwuk supaya alus; 3 padha gogos marga katrajang ilining banyu tmr. kalenan lsp; 4 êngg. kothong, suwung; 5 (wêtêng ng-[x]) ngêlih bangêt; 6 (atine ng-[x]) sêrik bangêt.
gêrul: mak [x] kn:nangis bêngok-bêngok; ng-[x]: saèm. nggêrêng nanging sêru tmr. macan ut. singa.
gêrok: kn:erak, èsêk.
(gêrong): ng-[x] kn:1 ngêsong, katon jêro agrowong; 2 (ng-[x] matane) lêgok marga lara lsp.
gêrot: mak [x] kn:saèm. gêrèt nanging sêru; gumêrot: nywara gêrot-gêrot; alas [x]-an: alas sing akèh wit-witane gêdhe; udan [x]-an: udan kaworan angin gêdhe.
gêrpu: pc. garpu.
gêrtak: kn:gêtak, panyêntak; ng-[x]: nyêntak, nggêtak mêmêdèni.
gêrwa: êngg. pc. ki:garwa.
(gêsah): I ng-[x] êngg. kn:ngiris. II ng-[x] êngg. kn: nggusah. III êngg. kn: gêrtak, anggras.
gêsan: (W) kn:utusan wêwakiling nêgara marang krajan liya.
gêsang: k:urip.
gêsau: êngg. kn:sinau, ajar.
gêsêng: kn:1 êngg. kobong; 2 gosong marga kobong; 3 [x] atine) br. susah bangêt.
gêsês: br:gusis (sirna kabèh).
gêsik: kn:wêdhi (palêmahan wêdhi); kc. gisik.
(gêsil): di-[x] êngg. pc:dipangani saka sêthithik; kc. sisil.
(gêsin):di-[x] (W) êngg. pc. dipriksa, disahake.
(gêsuh): di-[x] êngg. kn:digusah.

gêtak: kn:swara sêru ngêgèt; ng-[x]: 1 nywara sêru murih kagèt; 2 êngg. pc. pêdhês bangêt; ng-[x] wong angop pr: dhêdhawuh tanpa nganggo antan-antan; dara-[x]-an: dara sing digêtak kasawang abure.
gêtak-gajah: kn:ar. têtuwuhan godhonge kêna dianggo tamba.
(gêtap): [x]-an kn:1 gampang nggragap ut. kagèt; 2 gampang nêpsu, mutungan atèn.
gêtar: kn:rasa kaya dene rasane lênga klêntik sing ala.
gêtas: kn:1 gampang coklèk (putung); 2 pc. gampang pêcahe; 3 bêning lan bêcik tmr. swara.
gêtèh: êngg. pc:gêtih.
gêtêh: êngg. kn:cukat, srêgêp; di-[x]-i êngg: digolèki.
gêtêm: I êngg. kn:mlêkah, mlêthèk. II [x]-[x] kn: 1 nêpsu bangêt nanging ora kawêtu (mung nggêgêt untu lsp); 2 êngg. mêmpêng bangêt, têmên-têmên; ng-[x]: 1 (ut. ng-[x] untu) nggêgêt untu mratandhani yèn nêpsu bangêt; 2 nêpsu bangêt nanging ora kawêdharake. III kw. ak: yuyu.
gêtêr: kn:1 obah kumitir, ndhrodhog; 2 ([x] atine) kêtir-kêtir atine, sumêlang sêmu wêdi; [x] patêr dhèdhèt erawati kw: orêging prahara tuwin swaraning blêdhèg ing awang-awang; gumêtêr: ndhrêdhêg kaya arêp rubuh-rubuha; nggêgêtêri: marakake kuwatir ut. wêdi.
gêti: kn:1 ak. gêtas; 2 ar. panganan sing digawe gula karo wijèn.
gêtih: n. rah k:barang cuwèr sing sumrambah ing saranduning badan warnane abang; [x] cinelung, balung cinandhi pr: (yèn) ana prakara raja-tatu ut. raja pati; ngajak takêr [x] pr: wani
--- 146 ---
nandhingi (pêrang): durung wêruh ing [x]: durung kèl tmr. prawan; wani ing [x]: kêndêl; wêdi ing [x]: jirih; putih [x]-e: suci atine; tanah wutah [x]-e: tanah kêlahirane; ora ng-[x]-i: ora ndayani, ora ndadèkake bêbaya apa-apa; [x]-ên: mêtu gêtihe.
gêtih-matêng ~ giya.
gêtih-matêng: n. rah matêng k:gêtih sing irêng akênthêl.
gêtih-umbêl: n. rah-umbêl k:lara dhesèntri.
gêtih-urip: n. rah-gêsang k:gêtih sing isih cuwèr lan abang sumringah.
gêtih-putih: n. rah-pêthak k:pêperanganing gêtih sing putih.
gêtir: kn:rasa kaya dene rasane jêruk purut; kc. pait-gêtir.
gêtul: êngg. pc:jêdhul, jêbul, têkan ing.
gêtun: kn:1 kêduwung marga kelangan lsp; 2 ngungun, eram; ng-[x]-i: gêtun marang; up. kowe [x] ng-[x]-i apa?
(gêcak): ng-[x] kn:1 ngrêmuk (nglêmbutake) sarana kadhêplok kadokokan banyu; 2 br. mangsah (mukul) prang.
gêcas-gêcos: kn:katêrangan patraping pamadung lsp.
gêcêk: kn:kc. gêcak.
(gêcêl): di-[x] kn:dipijêti (ndadah) sarana kaênyêt-ênyêt ing gulu lan êndhase.
(gêcêm): di-[x] êngg. ks:diêwori turu.
(gêci): ng-[x] êngg. pc:isih cilik nanging wis kaya woing tuwa sabarang pratingkahe.

gêcil: êngg. kn:mung ana isine (wijine) siji tmr. kacang lsp.
(gêcing): ng-[x] kn:1 mênggik; 2 pc. wis kulina, wis kêrêp nglakoni; 3 kanji, kapok.
gêcul: kn:ndhugal, wong ndhugal; [x] kumpul, bandhol ngrompol pr: wong ndhugal kêkumpulan padha wong ndhugal.
gêcut, gêcot: êngg. pc:blas lunga (ilang).
gêcok: kn:ar. lêlawuhan sing digawe cacahan iwak, ana [x] gênêm lan [x] mêntah.
gêcos: mak [x] kn:katêrangan. sarta sabawaning tumamane lêlandhêp.
gêcrak-gêcrok: kn:sabawaning madung lsp.
(gêcrèk): di-[x] êngg. pc:disosok nganti putih tmr. bêras.
gêthak: I êngg. kn:dandang (kêndhil) lêmah; kc. bêthak. II ng-[x] êngg. kn: gawe lêgokan (gêrêtan) ing kayu; [x]-an: III sa-[x] êngg. kn: lakon satêngah dina; kc. gêthèk.
(gêthana): ng-[x] êngg. kn:wangkod, ngêngkoki panêmune.
gêthana-gêthini: êngg. kn:tumandang ing gawe kanthi mêmpêng.
gêthèk: I êngg. kn:bêthèk. II kn: lakon satêngah dina; karo [x] dina: 1½ dina.
gêthêk: I kn:gêrêtan ing pring sing arêp dikêthok lsp; di-[x]: digêrêt; kc. gêthak. II [x]-an êngg. ki: janggut.
(gêthêng): di-[x] êngg. kn:digocèki kêncêng.
gêthêt: kn:cuwikan (pinggêtan, galêran) tilas tatu lsp; di-[x]-i: digariti.
gêthik: êngg. kn:olah-olahan sing diolah iwak manuk; di-[x] dithuthuk ing dhêngkule.
(gêthil): ng-[x] êngg. kn:1 saka sathithik anggone nggarap ut. nganggo; 2 êngg. pc. mangan nggamil.
(gêthini): ng-[x] êngg. kn:nyrêmpêng anggone tumandang.
gêthing: kn:1 êngg. najis, jênês; 2 sêngit marang pratingkahing liyan; di-[x]-i: disêngiti.
gêthuk: kn:ar. panganan sing digawe tela didhêplok.
(gêthunu): ng-[x] êngg. pc:nggêthini.
(gêthok): I di-[x] kn:nuthuk dhêngkule; kc. gêthik. II sa-[x] êngg. kn: sadawaning jêmpol karo driji sing ditêkuk; saèm. cêngkang.
gêthok-tular: kn:tular-tumularing paomongan (pawarta).
gêthona-gêthunu: êngg. pc:nggêthingi.
gêwowokan: êngg. kn:gunêman mbêngok.
gibas: (Prs) kn:lêmu wêdhus [x]: wêdhus gèmbèl.
(gibêr): [x]-[x] êngg. kn:lêmu gimblah-gimblah.
(giblah): kn:kc. gimblah.
(gibrah, gidrah): [x]-[x] kn: bungah-bungah pating jringklak; kc. kiprah.
gidra-gidro, gidro-gidro: kn:jingklak-jiklak[7] tangane surawean (binarêngan ing swara kêras).
(gidrang): [x]-[x] êngg. kn:kêkitrang.
(gidhang): di-[x] êngg.: diundang, disuruhi.
(gidhêr): [x]-[x] kn:êmpuk gênyal-gênyal, kithêr-kithêr.

gidhuh: kn:kisruh, sarwa bingung satandang-tanduke; ng-[x]-i: ngisruhi, ngribêdi.
gigal: êngg. pc:runtuh, gigol.
gigat: k:gugat.
gigi: (M) kn:untu; sikat [x]: sikat untu; gosok [x]: obat dianggo ngrêsiki untu.
gigih: êngg. kn:liwêt kêtan.
(gigik): ng-[x] kn:gumuyu lirih; kc. jêgigik, gligik.
(gigil): I ng-[x] kn:watuk ngikil (kêrêp bangêt). II ng-[x] êngg. kn: ndhrodhog; [x]-ên: ndhrodhog marga kadhêmên.
gigir: êngg. kn:gêgêr.
gigis: kn:padha gripis tmr. wadhas, untu lsp.
(gigit): ng-[x] kn:1 nyokot mung sathithik; 2 nggêgêt; 3 ak. nggilut (marsudi) kawruh lsp; [x]-an êngg. kn: gambir.
(giglag): ng-[x] êngg. kn:bawera, banar.
giglok: êngg. pc:tiba, runtuh.
gigu: kn:ênêg, jijik; nggigoni: ngênêg-ênêgi.
gigol: êngg. pc: tiba, runtuh.
gigrig: kn:1 bodhol tmr. wulu ut. rambut; 2 suda; ora [x] (wulune salamba): ora wêdi, ora nêdya mundur.
gih, nggih: pc. k:iya.
giha, giya: kw:guwa.
giya: êngg. pc: menggok! (ngabani sapi ut. kêbo)
--- 147 ---
(giyak) ~ (gintêl).
(giyak): [x]-[x] kn:1 êngg. bêngok-bêngok; 2 surak abungah-bungah.
giyanti: kn:1 ar. têtuwuhan; 2 ar. desa sawetan Surakarta sing dianggo bêdhamèn Sunan Pakubuwana III karo Pangeran Mangkubumi (Sultan Hamêngkubuwana I); pa-[x]: lêlakon ing babad nalika pêrang ut. bêdhamèn ing Giyanti.
giyao: êngg. pc:gidhuh, bingung; di-[x]: digêgidhuh.
(giyar): kn:gêlar; [x]-[x]: ar. gêndhing; di-[x]-ake: diundhangake, diumumake ing akèh.
giyat: I (M) kn:nggrêgut, mêmpêng. II ng-[x] êngg. kn:mayat, ora rata, mlèncèng.
(giyêng): ng-[x] kn:tansah nangis mbrêngêngêng ora mênêng-mênêng.
(giyêr): ng-[x] kn:nggayêr, ora gêlêm lêrèn-lèrèn.
giyu: I ng-[x] êngg. kn:ngégol, nyongkèl. II kn: ukêl lamba sarta rapêt tmr. corèkan bathikan.
giyuh: (ut. ma-[x]) kw:sêdhih, susah.
giyung: I (ut. gêgiyungan) kw:rame, orêg-orêgan. II [x]-an êngg. kn:gumandhul; kc. geyong.
giyota: kw:prau.
gik: I êngg. pc:gèk, dhèk (nalika). II êngg. pc: isih. III (nggik) êngg. pc: ing, kaprênah ing.
gil: (nggil) êngg. pc. k:tunggil (padha).

gila: I kn:wêdi ndêdulu rêrupan sing mêngkirigake awak; nggilani: 1 mêdèni, njalari gila; 2 (ut. nggêgila, nggêgilani) br. mêdèni bangêt, ... bangêt (kaluwih-luwih); ka-[x]-[x] br: kaluwih-luwih, bangêt; kamigilan: tansah gila bae. II (M) pc: edan, sênêng bangêt marang; [x] hormat: kêladuk njaluk dihormati.
gilang: I kw:1 sumorot, gilap; 2 (sela [x]) watu lètèr gilap kanggo linggih yèn tapa lsp; [x]-[x], gumilang: sumorot, mawa cahya. II [x]-[x] kn: gumluntung ora kopèn (sumèlèh ing lêmah) tmr. bangke.
gilap: I kn. rêsik mawa cahya padhang; gumilap: sumorot gilap; payung [x]: payung pradan byur. II (ut. [x]-ên) kn: giras, kagetan tmr. jaran.
(gilar): [x]-[x] kn:1 katon rêsik apadhang; 2 (ut. gumilar br) katon padhang, gilang-gilang.
gile: I pc:iki le! kc. gilo, galo. II kn: ar. jangan lodhèh tanpa lombok.
(gilês): ng-[x] kn:1 madhêtake (mlènèt, nglêmbutake) sarana barang sing abot diglundhang-glundhungake; 2 nlindhês, nindhês; 3 êngg. nglinting rokok sigarêt.
gilgilan: kn:dhildhilan.
gili: 1 kw. punthuk, gumuk; 2 êngg. gigiring gunung, pulo karang sing munggul ing sêgara; 3 êngg. tanggul urut susukan; 4 êngg. dalan; ng-[x]: elur, sêlur tanpa kêndhat.
gilig: kn:1 wêwangunan sing dawa bundêr kaya dene têkên lsp; 2 ([x] rêmbuge, [x] pikire) wis matêng, wis dadi; ng-[x]-ake rêmbug (pikir): matêngake rêmbug (pikir); wêsi [x]-an (gligèn): wêsi sing gilig; kc. udhêng-gilig.
giling: kn:1 (sa-[x]) glindhingan sêga dara gêdhe; 2 (mangsa [x]) êngg. mangsa nggiling têbu; ng-[x]: 1 nggilês (ngêpuh, nglêmbutake) nganggo piranti sing diubêngake; 2 êngg. nggulung layar; [x]-an: 1 apa-apa sing digiling; 2 rodha kreta; 3 (ut. pang-[x]-an) piranti (papan) sing dianggo nggiling; ma-[x]-an, mang-[x]-an kw: 1 mubêng; 2 urip matundha-tundha (nitis); cakra mang-[x]-an kw: urip lahir timbal-tumimbal (nitis).
gilir: kn:gênti-gênti, gêntènan; angin) [x] gumanti: (angin) ajêg gênti-gêntèn têkane; ng-[x]-ake: akon nggêntèni pakaryan lsp; [x]-an: 1 gênti-gêntèn; 2 pranatan gênti-gêntèn sing ajêg.
(gilis): di-[x] êngg. kn:digulung, dilinting; kc. gilês.
(gilut): ng-[x] kn:1 mamah kalawan suwe; 2 br. ngudi, marsudi kawruh lsp; [x]-an: 1 jamu [x]-an) jamu sing diglintiri banjur diuntal; 2 mamahan.
gilo: pc. n:iki lo!
gilok: ut. [x]-[x] êngg. kn:sok, têrkadhang sok; kc. ilok.
gim: kn:bênang mas sing wis dikluwêr-kluwêrake dianggo gombyok lsp.
gimbal: kn:1 gèmbèl lan bundhêt tmr. rambut; 2 turahaning pangêrêt (blandar) sing mongol ing omah joglo; 3 ar. panganan saèm. rêmpèyèk.
(gimblah): [x]-[x] kn:lêmu bangêt.

(gimblêg): [x]-[x] kn:lêmu bangêt.
gimêr: (ut. [x]-an) kn:ar. mainan nganggo dhadhu (dhuwit) diubêngake banjur ditutupi; ng-[x]: 1 ngubêngake dhadhu lsp. ing mainan gimêran; 2 ngubêngake bathok panitisan supaya gulane bisa coplok.
(gimi): aja [x]-[x] êngg. pc:aja kêsusu.
gimik, gimin: êngg. pc:dhisik.
gimir: (ut. ke-[x] atine) ng:kakênan, trênyuh, kenyut dening pangiming-iming ut. panggodha.
gina: k:guna.
ginak-ginuk: kn:lêmu mêmpuh-mémpuh.
ginau: êngg. pc:sinau.
ginda: ki:dadah; ng-[x]: 1 ndadah; 2 ngurut (mijêti).
(ginjal): [x]-[x] kn:1 jola-jola; 2 êmoh bangêt, wêdi bangêt.
ginjêl: kn:peranganing jêroan, sadhuwuring impês wadhah uyuh; lara [x]-e ks: lara atine.
gindhal: êngg. kn:1 ucul, copot; 2 pisah, pêgatan.
gindhala: kw: têngara, titir; kc. gundhala.
ginêm: k:gunêm.
gini: I kw: wadon; kc. gana-gini. II kn: dinar.
ginuk-ginuk: kn:lêmu mêmpuh-mêmpuh.
ginonjing: br:oyag, orêg; kc. gonjing.
(gintêl): di-[x] pupune êngg:dicêthot pupune.
--- 148 ---
gintêng ~ gladhag.
gintêng: êngg. kn. kêsambi.
(gintês): ng-[x] êngg. kn. nggitês.
gintung: kn. ar. wit.
gincu: kn. bubukan abang sok dianggo nyungging.
(ginyêr): ng-[x] kn. ngênêtake sarta diuyêk mawali-wali.
ginggam: kn. ar. bakal lurik-lurik; kc. ginggang II.
ginggang: I kn. rênggang, bênggang, pisah sathithik; ng-[x]-ake. mêthal, misahake. II kn. ar. bakal lirik-lirik.
ginggung: kw. ak. gonjing.
gingsir: kn. 1 owah, mlèsèt; 2 sumingkir, alihan; ora (owah) [x]. têtêp, ora mingkêd; gumingsir. 1 owah, mingsêt, mingkêd; 3 sumingkir; ng-[x]-i br. nênarik sih; ng-[x]-ake. nyimpangake, nyingkirake, ngowahake.
gingsul: kn. ora prênah (tata) thukule tmr.untu; kc. gangsul.
gipih: br. gupuh.
gipit: êngg. pc. dhisik.
gir: I (W) kn. obenganing pit. II nggir pc. pinggir.
girah: êngg. k. 1 gurah; 2 kumbah (wasuh).
girang: I (ut. [x]-[x] kn. bungah-bungah marga mênang pêrang lsp. II kn. ar. wit; kêmbang [x]. ar. bathikan.
(girap): [x]-[x] kn. gundam-gundam (kagèt) kaya yèn gila.
giras: kn. ringas, ora kêna dicêdhaki tmr. kewan lsp.

giri: I (S) kw. gunung; cs. 7; [x] lusi janma tan kêna ingina pr. sênadyan katone asor ora kêna diina; ka-[x]-[x]. nggêgirisi, bangêt. II [x]-[x] êngg. kn. kêsusu; di-[x]-[x]. diêkon tumandang rêrikatan; nggirèkake. 1 nggêrêng (nggiring) sapi lsp; 2 ks. dikon, diatag nyambut gawe. III nggêgiri, ng-[x]-[x] êngg. kn. ngagag-agagi, mêmêdèni.
girik: kn. layang (wilah lsp) minangka pratandha yèn sing nyêkêl iku wênang tampa apa-apa; kuli [x] êngg. kuli baku (sing wênang ndarbèni peranganing sawah desa).
girilaya: (S) kw. gunung, pagunungan.
Girinata, Girindra, Giripati, Giriraja: asmane Bathara Guru.
giring: (wayah) [x] esuk:± jam 11 awan; (wayah) [x] sore. ± jam 6 sore; dara [x]. laki; têmu [x] kn. ar. êmpon-êmpon (têmu sing kuning); ng-[x]. nggêrêg, nggirèkake kewan.
giris: kn. wêdi lan miris; nggêgirisi. nggêgilani, mêdèni.
girisa: kn. ar. têmbang têngahan.
(giro): [x]-[x] kn. mbêngok njola-jola marga gila bangêt; nggêgiro. ngagètake nganti giro-giro.
gisang: êngg. k. gêdhang; kc. pisang, kisang.
gisau: êngg. pc. sinau, ajar.
gisik: (ut. gêgisik) kn. 1 pawêdhèn ing pinggir kali ut. sêgara; 2 êngg. pêsisir.
gisit: êngg. pc. dhisik.
gisus: kn. ak. orêg arane.
gistha: kw. rêmbug, sêdya; ng-[x]. ngrêmbug, nggunêm. kc. gustha.
gita: I (ut. [x]-[x]) kn. kalawan rêrikatan, enggal-enggalan anggone nanggapi (mapag lsp). II (S) kw. kidung, têmbang; ginita. dianggit, dikarang, dikidungake.
gitaya: kw. kidung, têmbang, karangan.
(gitêl): di-[x] êngg. dicêthot; kc. gintêl.
(gitês): di-[x] kn. dipènyèt (tuma lsp) nganggo kuku jêmpol.
gitik: kn. gêbung cilik; ng-[x]. 1 nggêbug nganggo gitik; 2 pc. nggêbug racak; 3 ngundhi, nggêbug lotre (dhadhu); 4 êngg. nyabêt nganggo sikil tmr.pitik tarung; 5 êngg. mbanting kêrtu ing nalikane main; ginitik ing prang br. ditêmpuh (disêrang) pêrang; bug-ginitik. gênti unggul, undha-undhi (mêh padha).
gicèng: êngg. kn. pece.
(gicêl): di-[x] êngg. kn. digêcêl.
githang: êngg. k. gothang.
(githês): êngg. kc. gitês.
(githêt): di-[x] êngg. dijithêt.
(githi): aja [x]-[x] êngg. aja kêsusu (giri-giri).
(githing): di-[x] êngg. pc. 1 dipithing; 2 digapit tmr. main lsp.
githir: êngg. kn. intar, lumayu rikat.
githok: kn. griwa kn. peranganing gulu sadhuwure cêngêl; ora ngilo [x]-e pc. ora nolèh (ngelingi) marang kaanane dhewe.

giwang: I kn. gingsir, owah; gumiwang br. 1 mlèsèd, owah; 2 lingsir (ngglewang) tmr. srêngenge; ke-[x]. kêgimir, kepencut, kanyut. II (ut. gêgiwang) êngg. kn. suwêng amata siji; kêcik [x]. kêcik juru. III êngg. kn. mawa mata mutiara.
giwangkara: kw. srêngenge; kc. diwangkara.
(giwar): ng-[x] kn. mlayu (mlumpat, mêncolot) nisih; ng-[x]-i graji. mbêngkêlukake unton-unton graji mêngiwa lan mênêngên; kc. gewar.
gya: kw. 1 (agya) enggal, rikat; 2 banjur, tumuli.
gya, gyak: kn. menggok ngiwa! (ngabani sapi ut. kêbo).
gyan: kw. ênggon; kc. gwan.
gyanggaman: êngg. pc. kagèt biyayakan.
giat: ka-[x] kw. kagèt; kc. gèt.
gyuh: kw. susah, sêdhih; kc. giyuh.
glabad: êngg. kn. kuliting wowohan sing tipis aputih, up. [x] salak.
(glabèg): ng-[x] êngg. kn. wangkod lan kêsèd.
(glabèt): [x]-an, globat-glabèt kn. ilate mêtu ndêdilat ngiwa nêngên.
(gladrah): ng-[x] kn. 1 ora prêdulèn; 2 (ut. [x]-an) ora kopèn.
gladri: (W) kn. gadri, èmpèr ngarêp.
(glajês): ng-[x] êngg. pc. gumampang pangrêmbuge.
gladhag: I êngg. kn. 1 pring sigaran minangka pikukuhing pagêr; 2 pring ditata jèjèr-jèjèr minangka glogoring sasak (lumbung lsp); 3 tumbak cêndhak dianggo [di...]
--- 149 ---
[...anggo] mbêburu; omah [x]. 1 omah sing jrambahe pring (kayu); 2 bngs. gudhang; di-[x]. diburu; [x]-an. andhan-andhan pamemean, plawungan. II kn. 1 wong sing pinatah nindakake angkat-junjung ing pakaryan nêgara; 2 abdi-dalêm bau alus (kang nindakake angkat-junjung); ng-[x], gumladhag. 1 gampang diambah ing kreta ut. têtunggangan liyane tmr. dalan; 2 bantêr iline tmr. kali; [x]-an. 1 pc. umbaran, tanpa papan ut. pagawean sing mêsthi; 2 pc. asor dhewe; 3 ks. palanyahan.
gladhe ~ gleyar-gleyor.
gladhe: êngg. kc. gladhi.
gladhi: kn. ajar, nglêlantih; ng-[x]. ngajari, nglêlantih, nggêgulang.
(glaèng): ng-[x] êngg. pc. nggugu karêpe dhewe.
glagah: kn. 1 ar. têtuwuhan bngs. têbu; 2 gagange kêmbang têbu.
glagar: kn. pring (kayu) digapit kukuh dianggo pagêr.
glagat: kn. sasmita (ngalamat) ing lêlakon..
(glagêp): [x]-[x], [x]-an kn. 1 mêgap-mêgap marga kêblêbêg ing banyu; 2 angèl sarta pêdhot-pêdhot anggone gunêman.
(glagut): ng[x] êngg. pc. mêmpang tanpa kêndho anggone tumandang.
(glayar): ng-[x] kn. 1 (ut. [x]-an, [x]-[x]) sênggoyoran arêp tiba; 2 êngg. ks. nggluyur, lunga klambrangan; 3 gunêman tanpa têgês (nyimpang wosing rêmbug); ng-[x]-i. sênggoyoran arêp tiba.
(glayêm): ng-[x] kn. gunêman sêmu aras-arasên tanpa krêkat.
glayung: êngg. kn. wilangan pari ana 2 ikêt (12 kati).
glalêr: pating [x] kn. katon gêgalêran; kc. galêr.

glali: kn. jur-juran gula sing plikêt ana sing digaringake ana sing ora.
glambèr, glambir: êngg. gèmbèl ing gulu sapi lsp.
(glambyar): ng-[x] kn. 1 buyar, udhar, ura; 2 cêmplang ut. ora karuwan rasane tmr. panganan; 3 tanpa têgês tmr. gunêman.
glambrèh: pating [x] kn. pating klêmbrèh.(glamèh) [x]-an êngg. pc. arêpan, doyanan; kc. glomah-glamèh.
glamit: kn. nam-naman alus minangka plipidaning klasa, lampit lsp; ng-[x]. 1 mlipit (minggiri) klasa lsp. sarana glamit; 2 pc. sarwa alus gunême (pangarahe).
glana: (S) kw. angluh, sêdhih.
(glandhang): gumlandhang (ut. glandhangan pc) kn. mili bantêr bangêt; di-[x]. digèrèd kanthi pêksa.
glandhang-glandhung: êngg. pc. klonthang-klanthung (nganggur tanpa pagawean).
(glanuk): ng-[x] pc. jênak bangêt.
(glanthang): ng-[x] êngg. kn. 1 mepe apa-apa ing panasan; 2 (panas ng-[x]) panas bangêt.
(glanyong): ng-[x], [x]-an kn. gunêman clêmongan (tanpa têgês).
(glang): [x]-[x]-an êngg. lunga mrana-mrana tmr. wong wadon.
glanggang: I kn. kalangan, papan sing dianggo adu-adu; tinggal [x] acolong playu br. kêplayu saka ing papêrangan. II [x]-an engg. kn. sawah sing sabakdane ditanduri pari banjur ditanduri têbu.
(glangsar): [x]-an kn. têturon glimpangan ing lêmah.
glangsi: êngg. kn. kanthongan klasa dianggo wadhah gula.
(glangsur): ng-[x], [x]-an kn. mêngkurêb banjur obah maju tmr. bocah cilik.
(glape): [x]-[x] kn. klewa-klewa.
glaput, glaprut:, pating [x] êngg. pc. rêgêd pating klaprut.
(glarang): [x]-an êngg. kn. klambrangan.
(glarap): [x]-an êngg. kn. gragapan.
(glasah): ng-[x], [x]-an kn. padha sumèlèh ana ing lêmah (ora tata).
(glathak): ng-[x] kn. sênêng mêmangan sing ora patut dipangan.
(glathe): ng-[x] kn. nindakake apa-apa mung dianggo sêmbranan; kc. glotha-glathe.
glathi: kn. bngs. cundrik; kc. blathi.
glathik: kn. ar. manuk bngs. êmprit rupane biru ênom; [x] sakurungan pr. wis padha nunggal karêp; ng-[x] mungup. mawa pucuk abang sathithik.
(glathuk): ng-[x] êngg. kn. 1 ngglanuk; 2 (ut. ng-[x]-[x]) tumandang alon-alonan.
(glawat): ng-[x] kn. nyandhak (tumandang) apa-apa.
glebag: mak [x] kn. katêranganing têmbung malik, mbalik; ng-[x]. malik, mbalik; [x]-an 1 jêmpalikan; 2 anggone nanduri gênti-gêntèn tmr. sawah (pari karo têbu ut. palawija).
(glèbèg): ng-[x] kn. 1 êngg. gêdhèg; 2 mlèsèd ênggone namakake wadung lsp; 3 êngg. pc. wangkod.
gledrah: kn. kc. glidrah, gladrah.

(gledhag): ng-[x] kn. ngglethak, têturon.
(gledhah): ng-[x] kn. niti priksa prêlu golèk nyina ut. katêrangan; ng-[x]-i. nggêgolèki barang sing ana ing wêwêngkoning liyan.
glèdhèg: kn. swaraning kreta gumlindhing; gumlèdhèg. 1 nywara glèdhèg-glèdhèg; 2 kc. gêmlèdhèg; [x]-an. 1 mawa glindhingan tmr. lawang lsp; 2 êngg. keseran, grobagan; 3 (sawah) glebagan; 4 êngg. dalan sing anjog ing regol tmr. dalême para luhur.
glègak-glègèk: kn. 1 tansah antop ut. sêgunên; 2 tansah ngguyu; kc. glègèk.
glègèk: kn. pêpindhan swaraning antop (sêgunên); ng-[x], [x]-an. 1 tansah antop (sêgunên); 2 tansah gumuyu jêgigikan.
(glègès): ng-[x] kn. ngguyu jêgigikan.
(glegot): ng-[x] êngg. kn. jênak ora lunga-lunga.
(gleyah): [x]-[x] kn. mlaku gliyak-gliyak.
gleyah-glèyèh: kn. kumudu ngambruk marga sayah bangêt.
gleyang: mak [x] êngg. kn. mak kleyang.
gleyar-gleyor: kn. sênggoyongan kumudu ambruk tmr. mlaku.
--- 150 ---
gleyong ~ (glêntêng).
gleyong: kn. kc. geyong.
gleyor: [x]-[x] kn. sênggoyoran; kacang [x]. kacang lanjaran.
glelang-glèlèng: kn. lumaku gêmbèlèngan.
(glèlèng): ng-[x] kn. 1 (ut. [x]-an) lumaku gêmbèlèngan; 2 umuk; 3 êngg. nglêgèyèh sakêpenake.
(glelo): ng-[x] pc. dhêklak-dhêkluk ngantuk..
glemang-glèmèng: êngg. kn. ênjah-ênjahan, molah-malih.
glembyar-glembyor: kn. pating blèngkrèh ora tata tmr. klambi lsp.
(glemboh): [x]-[x] êngg. pc. katon gêdhe lan lêmu.
(glembong): [x]-[x] pc. gêdhe lan lêmu ginuk-ginuk.
glembos, glêmbos: kn. gêdhe nanging kapês-kapês.
(glempang): ng-[x] êngg. pc. ngglimpang.
glempo: êngg. kn. bngs. kacu amba; kc. gempo.
glèndèr: êngg. kn. pring (kayu) dianggo sanggan apa-apa sing arêp disodhokake; ng-[x]. mlèsèd ngglindhing; kc. blèndèr.
(glenjor): [x]-[x] kn. kêndho (ora manthêng).
(glendhang): ng-[x] êngg. kn. 1 tanpa nggawa (momot) apa-apa; 2 lêlungan tanpa sêsangu; kc. glondhang.
(glèndhèng): ng-[x] êngg. kn. 1 ngglandhang, nggèrèd; 2 rancag, rikat; kc. glandhang.
(glenoh): [x]-[x] kn. lumaku katon gagah.
(glèntèr): ng-[x] kn. 1 dolanan dhewe ora nangis tmr. bocah cilik; 2 tansah kolehan tmr. wong nyambut-gawe.
(glènggèng): ! ng-[x] êngg. kn. ura-ura sêru. II di-[x](i) êngg. mung kari nanduri tmr. sawah.
(glengsor): ng-[x], [x]-an êngg. kn. linggih ana ing lêmah.
glepat-glèpèt: êngg. kn. tumandang sakêpenake (ora ngati-ati sarwa kasar).

glepot: êngg. kn. rêgêd pating klaprut.
(glèsèh): ng-[x] êngg. kn. ngglasah.
(glèsèk): ng-[x]-[x] êngg. kn. golèk-golèk turahan.
(glesor): [x]-an êngg. pc. gulungan ing lêmah.
gleca-glece: kn. ora antêpan, sêmbrana.
(glethak): gumlethak, ng-[x] kn. sumèlèh ing lêmah lsp (sajak ora kopèn); di-[x]-ake. disèlèhake.
(glèthèk): [x] pêthèle pc. cêkak aose, gênahe, têrange; ng-[x] êngg. kn. 1 cêtha bangêt, (gênah bangêt); 2 ngglethak, sumèlèh; 3 (asat ng-[x]) asat nggêring (nggêrèng).
glethot: êngg. pc. gethot.
(glewang): ng-[x] kn. 1 njomplang, ora pênêr (miring mêngiwa ut. mênêngên); 2 wis nisih mêngulon tmr. srêngenge (bakda têngange); 3 pc. rada gêndhêng, rada nyimpang saka paugêrane; di-[x]-ake. dijomplangake, diiringake sasisih.
(glèwèng): [x]-an êngg. pc. slewengan.
(glewo): [x]-[x] êngg. pc. lêmu ginuk-ginuk tmr. bayi.
glêbêg: êngg. kn. glindhingan sing digawe blabag dibundêr; 2 keseran mawa glindhingan kasêbut; ng-[x]. 1 nggèsèr nganggo glêbêg; 2 nggêjêg, mbladhêg, nywara ajêg aruntut; [x]-an. 1 rapêt tmr. nam-naman lsp. 2 (rodha [x]-an) rodha (glindhingan) sing digawe blabag dibundêr; 3 mbladhêg tanpa lèrèn ut. tanpa antan-antan.
(glêbyar, glêbyur): pating [x] kn. katon glêbyar-glêbyar akèh; kc. gêbyar.
glêdrug: pating [x] kn. padha gêdrug-gêdrug.
glêdhêg: kn. pêpindhaning swara saèm. glèdhèg; 2 êngg. bngs. lêmari cilik kanggo wadhah panganan; gumlêdhêg. nywara glêdhêg-glêdhêg; [x]-an. 1 pc. saya ndadi tmr. gêni; 2 êngg. tanpa growongan, padhêt, tanpa sêla-sêla.
glêga: êngg. k. glugu.
glêgêk: [x]-[x], glêgak-[x] kn. katêrangan ut. swarane wong ngombe.
glêgêr: kn. pêpindhan swaraning mriyêm.
glêgês: I ng-[x], glêgas-[x] kn. gumuyu lirih. II kn. kêmbang têbu.
(glêgut): ng-[x] êngg. kn. tumêmên ênggone tumandang.
(glêlêng): ng-[x], [x]-[x] kn. antêng bangêt sarta pamandênge tajêm.
(glêlêr): ng-[x] êngg. kn. lunga tanpa sabawa.
(glêlês): ng-[x] kn. 1 lunga dhêdhêmitan (tanpa pamit); 2 sêmaput mak lês.
(glêmbuk): di-[x] kn. dirêrimuk supaya gêlêm, dibujuk.
(glêmbus): ng-[x] kn. katon lêmu nanging pucêt marga lêlaranên
glêmbor: pating [x] kn. padha gêmbor-gêmbor.
glêmbos: kn. kc. glembos.
glêmpêng: êngg. kn. mêmpêng, srêmpêng; ila-ila [x]. ila-ilane yèn ngomah-omahake kêtêmu misan ut. nak-sanak, besan sakarone padha gêlut.

(glêndêm): I glêndam-[x], ng-[x] kn. 1 nywara lirih ulêm; 2 êngg. pc. ngglênggêm, njêjupuk (kanggonan) baranging liyan mênêng bae. II kn. pupus arèn.
(glêndhèh): I [x]-[x], glêndhah-[x] kn. lumaku alon sakêpenake. II kn. kacang cina sing isih ênom.
(glêndhêng): [x]-[x] kn. 1 nywara grênggêng-grênggêng (grênêngan lsp); 2 kèli bantêr; di-[x]-i. digrênêngi; [x]-an. 1 grênêngan; 2 (pring [x]-an) pring wutuhan.
(glênèh): ng-[x] êngg. kn. nylênèh, nganèh-anèhi.
(glênêng): ng-[x] êngg. kn. nglênêng (mili antêng).
(glênês): ng-[x], glênas-[x] êngg. kn. lunga tanpa sabawa (pamitan).
glênik: [x]-[x] kn. gunêman lirih; ng-[x]. 1 ngglêmbuk (ngandhani) sarana lirih calathune; 2 (ut. ngglênuk êngg. pc) omong-omongan lirih-lirihan.
(glêntêng): ng-[x] êngg. pc. têrusan bae anggone tumandang.
--- 151 ---
(glênggêm) ~ glundhung-sêmprong.
(glênggêm): ng-[x] kn. olèh (kanggonan) apa-apa mênêng bae, ngglêndêm.
glênggêng: mak [x] kn. katêranganing ngombe.
glêpang: êngg. k. glêpung.
(glêpuk): di-[x] êngg. kn. digutuk, dibalang.
glêpung: kn. bubukan gandum lsp. sing lêmbut bangêt; ng-[x]. 1 mbubuk agawe glêpung; 2 ak. kaya glêpung.
(glêrêk): [x]-[x] kn. klêrêk-klêrêk (nywara jêro ana ing gorokan).
glêrêng: pating [x] kn. padha gêrêng-gêrêng, padha nggêrêng; kc. gêrêng.
glêrit: pating [x] kn. padha nywara gêrit-gêrit.
(glêsêr): [x]-[x] kn. mingsêt (nlosor) alon-alonan kaya ula yèn mlaku.
glêthêk: mak [x] kn. 1 dumadakan nywara kaya swaraning barang tiba; 2 dumadakan olèh kabêgjan (dhuwit lsp).
glibêd: kn. katon satleraman tmr. wong lsp. sing mlaku; ng-[x]. 1 (ut. [x]-an) tansah mubêng (katon) ana ing sawijining panggonan; 2 pintêr bangêt ngubang-ubêngake têmbung; di-[x]-i. tansah diklintêri (disaba).
glibrah: kn. kc. gibrah, gidrah, glidrah.
glidrah: pating [x] kn. padha lincak-lincak jêjogèdan.
(glijad): ng-[x].êngg. kn. rêsk sarta wrata.
(glidhah): êngg. kn. kc. gledhah.
glidhig: I (ut. ng-[x], [x]-an êngg) kn. 1 nyambut-gawe bêburuh; 2 êngg. sinoman; ng-[x]. kumudu-kudu nyênyêkêl (ngrêrusak); di-[x]-ake. diburuhake. II ng-[x], gumlidhig kn. kêpenak ambah-ambahane tmr. dalan, bantêr iline tmr. kalèn lsp.
(gligap): [x]-an, [x]-ên kn. gragapan, kagèt.
gligat-gligut: kn. jligat-jligut.
gligèn: kn. 1 êngg. kayu awangun gilig ing panênunan; 2 (wêsi [x], gêlang [x]) giligan; kc. gilig.

(gligik): [x]-[x], gligak-[x] kn. gumuyu lirih.
(gligir): ng-[x] kn. nggalêr mawa abuh (kaya dene tatu mêntas disabêti); kc. gigir.
(gliyak): [x]-[x] kn. lumaku (nyambut-gawe) alon nanging têrus tumandang (ora nyêngka).
(gliyêng): êngg. kc. gliyêr.
(gliyêr): ng-[x] kn. 1 kontal alihan; 2 mumêt, yêr-yêran pandêlênge.
glimbang-glimbung: êngg. pc. bligang-bligung, mbligung.
(glimpang): ng-[x] kn. tiba mbalik (ngglewang, nggledhag); di-[x]-ake. 1 ditibakake nganti ngglimpang; 2 (ut. di-[x]-[x]-ake) diwêlèh-wêlèhake, dikalahake tmr. padu lsp.
(glimpung): ng-[x] pc. têturon sêmu njingkrung.
glindhang-glindhung: êngg. pc. `klonthang-klanthung.
glindhing: kn. 1 êngg. bngs. grobag sing rodhane tanpa ruji; 2 (ut. [x]-an) glintiran cilik-cilik; ng-[x], gumlindhing. mubêng (mlaku) kaya dene rodha, kênèkêr lsp; ng-[x]-i. nglintiri; ng-[x]-ake. ngubêngake sarta gumulung; [x]-an. rodha.
glindhung: kn. glindhang-glindhung.
glinuk: [x]-[x], glinak-[x] êngg. kêlêmon lan wagu.
(glinting): ng-[x],gumlinting kn. ngglangsar (gumluntung) ing lêmah; kc. gluntung.
glintir: (ut. [x]-an kn. glindhingan cilik-cilik tmr. tike, jamu lsp; di-[x]-i. diglindhingi.
(gling): rada [x]-[x] êngg. pc. rada edan.
glinggang: êngg. kn. kayu mati.
glingsêng: irêng [x] êngg. kn. irêng bangêt.
gliput: êngg. kn. glaput.
(glirih): ng-[x] êngg. kn. ngrintih, gêrêng-gêrêng lirih; kc. gluruh.
glis: (ut. a-[x]) kw. gêlis, rikat.
(glisik): di-[x]-i êngg. kn. dibisiki.
(glithak): ng-[x] êngg. pc. ngglethak.
(glithik): I ng-[x] êngg. kn. nglithih, ngglidhig. II pating [x] êngg. pc. pating klithik. III ng-[x] êngg. kn. njupuki keyong ut. krikil.
glithu: êngg. kn. ulêg-ulêg, munthu.
(glitho): ng-[x] êngg. kn. nothok sarana jêmpole kapidihake banjur dikluwêrake.(gliwang) ng-[x] êngg. kn. ngglewang.
(glubud): ng-[x] êngg. kn. mblubud (ora isinan).
gludhug: kn. 1 (mak [s]) pêpindhaning swara kêbêntus ing pêthi lsp; 2 swaraning blêdhèg sing gumlêgêr; kakehan [x] kurang udan pr. akèh kasaguhane (omonge) nanging sathithik nyatane; gumludhug. nywara gludhug-gludhug.
gluga: kn. ar. têtuwuhan sing kêna dianggo cèt abang; [x] salusur sari pr. wis bêcik kawuwuha bêcik; ng-[x]. kaya gluga (abang sumringah).
glugu: kn. wit (kayune) krambil; [x] kêtlusuban luyung pr. kêlêbon ing têlik sing mowor sambu.
glugur: êngg. kn. glogor.
glugut: êngg. kn. lugut.

(gluyur): ng-[x] kn. lunga saparan-paran; [x]-an. 1 lunga saparan-paran; 2 gloyoran, sênggoyoran.
glumut: êngg. pc. gluput (rêgêd gupak blêthok lsp).
glundhêng: mak [x] kn. pêpindhan swaraning barang ut. katêranganing barang sing kêcêmplung ing kêdhung, luwêng lsp.
glundhung: kn. gluntung; ng-[x]. 1 nggluntung, ngglindhing gumulung; 2 sumèlèh ora kopèn; 3 ent. asrah pati urip, masrahake awake; ke-[x]. tiba ngglundhung; kc. gluntung.
glundhung-sêmprong: kn. 1 (wong wadon) laki tanpa nggawa gawan; 2 masrahake apa-apa tanpa nganggo wuwuhan.
--- 152 ---
glundhung-suling ~ gudêr.
glundhung-suling: kn. (wong lanang) rabi tanpa tukon lsp.
glunêk: êngg. kn. grunêk.
gluntung: kn. 1 glundhung; 2 wilanganing krambil (sing isih wutuhan); gumluntung; gumlundhung, sumèlèh ing; ng-[x], [x]-an. têturon satiba-tibane bae.
glupak-glupuk: êngg. pc. bêgita-bêgitu.
gluput, gluprut: kn. rêgêd gupak blêthok lsp.
glura: kn. ora têtêp, ora panggêng; kc.ura.
(gluruh): ng-[x] kn. gêrêng-gêrêng lirih.
(glusur): ng-[x] êngg. kn. 1 mlorod, mlèsèt; 2 nggrayangi; 3 ngurut-urut (mijêti).
gluthèh: êngg. kn. rêgêd; kc. bluthèh.
gluthêk: kn. pêpindhan swaraning tikus ing kothak lsp; [x]-an. tansah nywara pating gluthêk.
gluthik: I ng-[x] pc. trampil, prigêl. II pating [x] pc. akèh sêsinggêtane, ora kêpenak ambah-ambahane tmr. dalan lsp.
gluthuk: kn. saèm. gluthêk.
(gluwèh): gluwah-[x], gumluwèh kn. ora ngati-ati, sêmbrana.
gluwêr: pating [x] kn. pating kluwêr.
(globag): [x]-an êngg. kn. koming, gulungan tmr. jaran.
globat-glabèt: kn. ilate ndilat-dilat; kc/ glabèt.
globê: (W) kn. pêpêthan jagat.
(globod): ng-[x] kn. mênganggo sarwa lawas.
globroh: pc. kêlandhungên, kegêdhèn tmr. klambi lsp; kc. klombroh.
glodro: mak [x] pc. mlotrok.
glojo: êngg. pc. lêgojo.
glodhag: pating [x] kn. pêpindhaning swara kaya jaran ana ing gêdhogan.
glodhog: I kn. 1 bumbung dianggo masangi glathik supaya nusuh ing kono; 2 kothak ut. kêthokan glugu disigar sarta digrowong banjur ditangkêbake kanggo ngingu tawon; 3 êngg. pêthi dianggo wêwadhah; 4 êngg. pring wutuhan dianggo pagêr lsp; 5 êngg. pring tlundhaging gêdhogan; [x]-an êngg. growongan, gronggongan. II ng-[x] kn. nglèthèk kulite ayam; ng-[x]-i. padha nglèthèk kulite ayam marga lara panas lsp.

glogok: mak [x] kn. katêranganing ngêsokake barang cuwèr.
glogok-sok: kn. gunêman (ngandhakake) apa-apa wantahan bae.
glogor: I kn. 1 kayu ut. pring tutuping kluwat; 2 kayu ut. pring sangganing plangitan, jrambahing jogan lsp. II [x]-[x] êngg. kn. klokor-klokor (erak tmr. swara).
gloyam-glayêm: kn. gunêman sakêpenake; kc. glayêm.
(gloyor): ng-[x]-i, [x]-an kn. sênggoyoran, mlaku kumudu arêp tiba.
(glolo): ng-[x] kn. nangis sêru bangêt.
glomah-glamèh: pc. kêpengin bangêt arêp mêmangan.
glombyar-glombyor: kn. 1 kakehan duduh tmr. jangan; 2 lêmu nanging kêndho tmr. pawakan.
glompong: kn. 1 (ut. [x]-[x]) katon lêmu tmr. bocah cilik; 2 ar. gêndhing.
(glondor): ng-[x] kn. mblèndèr,ngglèndèr, mlorot.
(glondhang): mak [x] kn. pêpindhan swaraning blèg tiba; ng-[x]. suwung, tanpa momotan; [x]-an. nywara glondhang-glondhang.
glondhang-glandhung: kn. klonthang-klanthung.
glondhong: kn. 1 (ut. [x]-an) kayu isih bulugan (durung diprèjèngi); 2 êngg. lêlurahing para lurah desa; [x]-an êngg. wêwêngkoning glondhong.
(glontor): di-[x] êngg. kn. 1 disêntor ing banyu; 2 ks. dipangan, diombe.
glong: mak [x] pc. sanalika lêga.
glonggong: kn. 1 gagange godhong katès; 2 bngs. glagah.
glongsor: mak [x] kn. sanalika têturon (ora nganggo diprênahake); mondhok [x] êngg. mondhok ing omahe liyan.
glopot: êngg. kn. gluput.
(glorok): [x]-[x] kn. klêrêk-klêrêk.
(gloso): ng-[x] kn. têturon satiba-tibane.
gloco: êngg. kn. lêgojo.
(glotha): ng-[x] êngg. kn. suwung blung.
glotha-glathe: kn. ora kalawan sêngaja ut. mung dianggo sêmbranan.
glothak: mak [x] kn. pêpindhaning swara kaya dene têkên tumapak ing kayu lsp; [x]-an. tansah nywara glothak-glothak.
gubab: êngg. goroh.
gubah: kn. langse, gêbêr dianggo aling-aling; di-[x]. 1 dironce, dipêthil banjur dironce tmr. kêmbang; 2 (ut. di-[x]-i) ditutupi tmr. gubah; 3 br. dikarang; [x]-an. 1 (ut. pa-[x]-an) paturon sing tinutupan ing gubah; 2 rêrênggan awujud oncèn kêkêmbangan ut. gêgodhongan; 3 br. karangan (kasusastran).
gubar: kn. bngs. bèri.
(gubêd): ng-[x] kn. mbulêt, tumuli ningsêti.
gubêg: (ut. [x]-an) kn. tanpa pinggiran ut. tanpa plisir tmr. tênunan (sandhangan lsp); di-[x] ak. dibêlok, dirante.
gubêl: kn. tukang ngêlèti (mbêdhagal) sapi lsp. sing arêp dibêlèh; ng-[x]. tansah nggulêt (njêjaluk) ora lunga-lunga.
gubis: êngg. kn. kobis.

gublug: êngg. pc. goblog.
gubug: kn. omah cilik ana ing sawah ut. têgal kanggo tunggu tanduran.
gubug-pèncèng: kn. ar. lintang papat kang mangun pêsagi mèncèng.
gubrah, gubras, gubrat: êngg. kn. rêgêd ut. gupak; up. [x] gêtih.
gubrês: êngg. pc. udrêg arame.
(gudag): ng-[x] kn. 1 ngoyak, mblêdig; 2 ngoyak karo mbijig.
gudèl: kn. anak kêbo; kêbo nusu [x] pr. wong tuwa njaluk wulang wong ênom; ng-[x] bingung pc. mung ela-elu bae.
gudêr: ut. [x]-an kn. gumêdêr, rame-rame.
--- 153 ---
gudir ~ gule.
gudir: kn. slèi, agêr-agêr sing wis diolah.
gudu: êngg. pc. dudu.
gudrah: kn. gupak ing gêtih lsp; kc. gubrah.
(gujêg): ng-[x] kn. nyêkêli kêncêng bangêt supaya aja lunga; 2 ngujêg, njaluk kalawan ngujêg.
gujêng: I ng-[x]-i kn. nyêkêli, nggocèki; [x]-an. gocèkan. II k. guyu; gêgujêngan k. gêguyon.
(gujêr): ng-[x] êngg. kn. nyêkêli kêncêng.
gujig: êngg. kn. 1 juwèh. sênêng nyruwe; 2 [x]-wêtênge) bêncirih, gampang larane.
gudhal: kn. rêrêgêding palanangan; kc. gadhul.
gudhang: I kn. omah gêdhe dianggo nandho barang-barang; 2 kamar panyimpênan barang-barang. II (ut. [x]-an) kn. 1 janganan; 2 janganan sing diolah dikrawu krambil; ng-[x]. olah gudhangan.
gudhas: êngg. pc. enak bangêt
gudhe: kn. ar. wit wohe saèm. kara sok digawe tempe.
gudhêg: kn. ar. olah-olahan sing digawe gori ut. bung.
gudhêr: sêpur [x] (W) kn. sêpur momotan barang-barang.
gudhig: kn. ar. lêlara kulit; [x]-ên. nandhang lara gudhig.
gudhis: êngg. pc. enak bangêt; kc. gudhas.
(gugah): ng-[x] kn. mungu ki. 2 agawe supaya tangi; 2 nangèkake prakara sing wis sirêp.
gugat: n. gigat k. lapur marang pangadilan nêrangake yèn ora trima; ng-[x]. nglapurake marang pangadilan.
(gugu): ng-[x] n. nggêga k. ndhahar ki. 1 pracaya marang kandhaning liyan; 2 miturut marang pitutur; kc. gugon, gugun-tuhon.
guguh: êngg. kn. wis ompong kabèh (tuwa bangêt).
(guguk): ng-[x] kn. gumuyu (nangis) sing sêmu diampêt
gugup: kn. gragapan (gita) marga ana prakara sing ngêgèt.
gugur: I kn. 1 runtuh; 2 jugrug, ambrol sarta jugrug; 3 batal, ora absah tmr. sêmbahyang; di-[x]. dijugrug; ng-[x]-i. 1 njugrugi; 2 (ut. ng-[x]-[x]-i, ng-[x]-ake) mbatalake (ngrigoni) wong sêmbahyang. II êngg. kn. kêsusu, gugup.
gugur-gunung: kn. pakaryan nêgara kang sarana ngêrigake wong padesan tanpa opahan.

gugus: kn. gogos, padha gripis (marga gropok).
gugut: kn. 1 wanguning praèn sing janggute luwih maju tinimbang untu ing dhuwur; 2 (sa-[x]) sacokotan cilik; ng-[x]. nggêgêt apa-apa kaplèpèt ing untu ngarêp, up. ng-[x] tuma.
(gugon): [x]-an, [x]-[x]-ên kn. gampang bangêt nggugu; kc. gugu.
gugon-tuhon: kn. ngandêl marang prakara sing dianggêp duwe kadayan ngungkuli kodrat, mangka sanyatane ora.
gugrag: kn. rusak padha coplok; kc. gograg.
gugrug: kn. jugrug, gugur.
guha: (S) kw. guwa; cs. 9.
guhya: (S) kw. gaib, sinamun, winadi.
(guyang): ng-[x] kn. ngêdusi kewan (bayi, mayit).
guyêng: êngg. pc. gayêng.
(guyêr): ng-[x] kn. ngginyêr
guyu: n. gujêng k. wêtune rasa bungah (sênêng) sing kawahya ing cangkêm; ng-[x], gumuyu n. gumujêng k. nglahirake rasa bungah (sênêng) sarana swara ing cangkêm; nggêguyu. ngguyu sêmu ngewani; guyon, gêguyon. 1 padha sênêng-sênêng gênti ngguyu; 2 sêmbranan ora têmênan; gêguyon dadi tangisan pr. maune mung sêmbranan dadi prakara gêdhe.
guyub: kn. rukun sarta padha ngumpul. ng-[x]-i. ngrujuki, mèlu ngombyongi; (pa)-[x]-an. pirukunan, pakumpulan.
(guyur): ng-[x] êngg. kn. nyilêm ing banyu.
guyon: kc. guyu.
guk: pc. ambung (têtêmbunganing bocah).
gul: I kn. kc. êgul. II (Inggris) kn. gawang ing dolanan bal-balan; ngê-[x]-ake. nglêbokake bal ing gul; kê-[x]-an. gule kêlêbon bal.
gula: n. gêndhis k. lêlêgi sing digawe kênthêling kilang; ngalêm lêgining [x] pr. ngalêm marang wong sugih (pintêr); ngêmut [x] krasa lêgi pr. pinasrahan apa-apa barêng krasa enak banjur diêngkoki dhewe; sêmut marani [x] pr. golèk kamelikan; sok ana [x] akèh sêmute; ana [x], ana sêmut pr. anggêr ana kamelikan, mêsthi akèh wonge sing padha têka.
gula-arèn: n. gêndhis-arèn k. gula sing digawe kilang arèn.
gula-batu: n. gêndhis-sela k. gula têbu sing pêprikilan[8] atos.
gula-drawa: kw. (gula jêmèk) têmbang dhandhang-gula.
gula-jawa: n. gêndhis-jawi k. gula sing digawe kilanging lêgèn.
gula-gêsêng: kn. (warna) abang irêng.
(gulak): [x]-[x] êngg. kn. mulak-mulak.
gula-klapa: kn. 1 gula krambil; 2 corak abang putih (gêndera, pêndhok êmas karo salaka).
gulali: kn. glali.
gulan: ut. gêgulan kn. bedhengan (lêmah diunthuk-unthuk) arêp ditanduri.
(gulang): I ng-[x], nggêgulang kn. ajar, nglêlantih. II [x]-[x] êngg. kn. (prajurit) tukang jaga.
gulang-gulung: kn. 1 tansah gulungan; 2 tansah awor (nunggal).

gulat): di-[x]-i êngg. digolèki.
(gula-wênthah): ng-[x] kn. ngupakara (momong sarta mêmuruk) bocah.
guldhên: (W) 1 êngg. kn. ringgit; 2 pc. rupiyah.
gule: kn. ar. olah-olahan sing diolah iwak wêdhus nganggo duduh.
--- 154 ---
gulèk ~ gumludhug.
gulèk, guli: êngg. kn. nuli.
gulêt: kn. (ut. gêgulêtan) pêpulêtan, ulêng, gêgubêdan; 2 êngg. gêlut, ulêng; 3 bêcik bangêt pamitrane; ng-[x]. nggubêl.
guli: êngg. pc. olèhe; kc. gole, gulèk.
guliga: (S) kw. bandhêm, sawat.
guling: kn. 1 bantal guling dawa; 2 kw. turu; 3 êngg. bngs. kranjang arang diisèni watu dianggo mbêndung kali; gumuling br. 1 têturon gumlundhung ing lêmah; 2 gumulung, mubêng; ng-[x]. 1 nggulung, koming, gumlundhung mawalikan; 2 kw. turu; pa-[x]-an kw. paturon; kc. goling.
gulma: I (S) kn. ak. 100 yuta. II (S) kw. grumbul, thêthukulan.
gulu: kn. jangga ki. 1 peranganing badan antarane êndhas karo gêmbung; 2 uga tmr. gêndul, kêndhi lsp. yaiku perangan sing mêrit; 3 larasing wilahan gamêlan sing kapindho (panunggul); pang-[x] kn. panênggak ki. anak kang kapindho (adhi pambarêp); kc. gulon.
gulu-ancak: kn. guluning kewan iwèn perangan ngisor; 2 peranganing kudi sadhuwure wêtêngan.
gulu-banyak: kn. gaganing jantung gêdhang.
(gulud): di-[x] êngg. kn. diurug, diunthuk-unthuk; [x]-an. gulan, bedhangan.
guluh: êngg. kn. rêgêd.
gulung: kn. lintingan (lunthungan) gêdhe; [x]-[x] gêgulungan; 1 nggoling-nggoling ing lêmah; 2 katon kaya digulung; up. ombak gêgulungan. ng-[x]. 1 gumlundhung; 2 nglunthung dluwang lsp; ke-[x]-[x]. kêglundhung-glundhung; [x]-an. lunthungan, apa-apa sing wis digulung.
gulung-koming: kn. 1 nggulung mawalikan; 2 bingung bangêt.
gulo: pc. iku lo.
gulon: kn. peranganing klambi sing kêpênêr ing gulu.
gumablug: kn. tiba nywara mak blug; kc. gablug, blug.
gumadul: kn. mêndat; kc. gadul.
gumajang-kèwèr: kn. bayi nganti umur 4 taunan; kc. bajang.
gumagah: kn. ambêk gagah; kc. gagah.
gumagus: kn. ambêg bagus; kc. bagus.
gumaib: kn. umuk; kc. gaib.
gumampang: n. gumampil k. nganggêp gampang; kc. gampang.
gumandhul: kn. gumantung nggandhul; kc. gandhul.
gumanti: n. gumantos k. nyulihi; kc. ganti.
gumantung: kn. 1 gumandhul; 2 isih diêndhêg (ditahan); [x] marang. purbawisesa marang.

gumarang: kn. ar. sapi (ing crita kuna).
gumati: n. gumatos k. ngrêmbug kanthi têmên-têmên; kc. gati.
gumathok: kn. maton, têtêp; kc. gathok.
gumawang: kn. têrang (cêtha) bangêt; kc. gawang.
gumawul: kn. gumadul.
gumbala: ki. 1 brêngos; 2 êngg. jenggot.
gumbêng: êngg. kn. 1 bêdudan; 2 bngs. gamêlan ding[9] digawe bumbung kulite dibêsèt sarta diganjêl.
gumblis: êngg. kc. gamblis.
gumbrêg: kn. ar. wuku sing kaping 6.
(gumbrêng): di-[x] êngg. kn. disrêngêni kanthi gumrêmêng.
gumela: kn. katon cêtha; kc. wela.
gumèndhêl: kn. krasa abot; kc. gèndhêl.
gumêbyar: kn. katon sumorot gêbyar-gêbyar; kc. gêbyar.
gumêdêr: kn. rame bangêt; kc. gêdêr.
gumêdhe: kn. umuk, pambêkan; kc. gêdhe.
gumêdhêg: kn. 1 grêgêtên bangêt; 2 bungah banget; kc. gêdhêg.
gumêlar: kn. jumèrèng; kc. gêlar.
gumêmblang: êngg. kn. padhang trawangan; kc. gêmblang.
gumêmplang: kn. panas bangêt tmr. srêngenge; kc. gêmplang, kêmplang.
gumêndhung: kn. gumêdhe, umuk; kc. gêndhung.
gumênyal, gumênyol: kn. êmpuk sarta mêndat; kc. gênyal, gênyol.
gumêr: kn. gumêdêr, gumuruh arame; kc. gêr.
gumêrèt, gumêrit, gumêrot: kn. nywara gêrèt (gêrit, gêrot).
gumêtêr: kn. ndhrêdhêg, rasaning badan yêr-yêran; kc. gêtêr.
gumilang: kn. sumorot; kc. gilang.
gumilap: kn. sumorot agilap; kc. gilap.
gumilir: kn. ganti-ganti; kc. gilir.
gumintah: êngg. pc. gêmintê.
gumisa: n. sumagêd k. kumintêr; kc. bisa.
gumiwang: kw. 1 miring mêngulon tmr. srêngenge; 2 ndhoyong marang (kêpengin marang.; kc. giwang, glewang.
gumyah: kn. 1 umyung arame; 2 wis kasumurupan ing akèh; di-[x]-ake; diwratakakake tmr. kabar lsp.
gumyak, gumyêk: êngg. pc. rame, umyung.
gumyur: kn. 1 campuring sorot padha sorot, padha dene gumêbyar; 2 bingung atine marga kagèt lsp.
gumladhag, gumèdhèg,[10] gumlidhig: kn. 1 gampang ambah-ambahane tmr. dalan; 2 bantêr tmr. lakuning banyu lsp. kc. gladhag, glèdhèg, glidhig.
gumlandhang: kn. bantêr tmr. ilining banyu; kc. glandhang.
gumlawang: êngg. kn. cêtha bangêt; kc. gumawang, gawang.
gumlèthèk: kn. sumèlèh; kc. glèthèk.
gumlêdhêg, gumlodhog, gumludhug: kn. nywara glêdhêg-glêdhêg tmr. kawah, wedang lsp; kc. glêdhêg, glodhog, gludhug.
gumlêgêk: kn. nywara glêgêk-glêgêk (wong ngombe); kc. glêgêk.

gumlêgêr: kn. nywara mak glêgêr; kc. glêgêr.
gumlêthêk: pc. olèh akèh (kabêgjan); kc. glêthêk.
gumlindhing: kn. 1 ngglindhing; 2 mili bantêr; 3 pc. manutan; kc. glindhing.
gumlinting: kn. sumèlèh ing lêmah; kc. glinting.
gumlithik: êngg. pc. ngglidhig.
gumludhug: kn. nywara gludhug-gludhug; kc. gludhug.
--- 155 ---
gumlundhung ~ gundhil.
gumlundhung: kn. ngglundhung; kc. glundhung.
gumluntung: kn. sumèlèh ing lêmah; kc. gluntung.
gumluwèh: kn. sêmbrana, ora ngati-ati; kc. gluwèh.
gumlontor: kn. santêr iline; kc. glontor.
gumlonggong: kn. nywara sêru (tmr. nêmbang).
gumuyu: n. gumujêng k. ngguyu; kc. guyu.
gumuk: kn. gunung cilik; [x] diumpuk-umpuk pc. sing wis sugih wuwuh sugih.
gumul: kw. gêlut.
gumulak: êngg. kn. mulak-mulak.
gumuling: kn. 1 nggulung gêgulingan; 2 mubêng-mubêng; kc. guling.
gumulung: kn. gêgulungan; kc. gulung.
gumun: I kn. eram, gawok; ng-[x]-i. gumun marang; ng-[x]-ake. ngeram-eramake. II kn. lêgokan ing lambe dhuwur (antarane bolongan irung).
gumuntang: êngg. kn. kêprungu têrang bangêt; kc. guntang.
gumunggung: kn. umuk, sênêng digunggung; kc. gunggung.
gumuruh: kn. nywara rame bangêt; kc. guruh.
gumoh: kn. mutah tmr. bayi suson.
gumolong: kn. 1 dadi siji; 2 wis mupakat; kc. golong.
gumpês: pc. 1 êntèk kabèh; 2 mêndhak dhêkok tmr. irung.
gumping: êngg. kn. pèrènging gunung sing ndêdêr.
gumrabyas: kn. sadhela bae banjur êntèk tmr. gêni lsp; kc. grabyas.
gumrajag: kn. mili (mancur) bantêr; kc. grajag.
gumragèh: kn. arêp nyênyêkêl (ngranggèh); kc. gragèh.
gumrah: I êngg. kn. lumrah, njlanah. II (gumrêh êngg.) kn. nywara gumuruh arame; kc. gêrah.
gumrayah: kn. 1 katon akèh bangêt tmr. sêmut lsp; 2 krasa gatêl bangêt; kc. grayah.
gumrambyang: kn. sêru lan cêtha tmr. swara; kc. grambyang.
gumrangsang: kn. panas bangêt; kc. grangsang.
gumrawah: kn. mili bantêr tmr. kalèn ing jêjurang; kc. grawah.
gumregah: kn. njênggirat tangi; kc. gregah.
gumrènjèng: kn. nywara grènjèng-grènjèng; kc. grènjèng.
gumrèwèl: kn. 1 gampang copot (udhar). 2 gampang malih (malik).
gumrêbêg: kn. nywara mbrêbêgi kuping; kc. brêbêg.
gumrêdêg: kn. gumrudug (wong akèh mlaku bêbarêngan).
gumrêg: kn. rame bangêt (wong gunêman bêbarêngan).

gumrêgut: kn. mêmpêng; kc. grêgut.
gumrêmêng: kn. gunêman lirih ora lèrèn-lèrèn.
(gumrêng): di-[x] pc. disrêngêni kanthi swara gumrêmêng.
gumrênggêng: kn. nywara lirih bêbarêngan; kc. grênggêng.
gumridig: kn. lumaku urut-urutan (wong akèh); kc. gridig.
gumriyêng: kn. krasa abot angkat-angkatane; kc. griyêng.
gumriming: kn. krasa pating griming (rada gatêl); kc. griming.
gumrining: kn. rêsik bangêt ngrêsêpake.
gumriwis: kn. 1 lumaku urut-urutan (wong akèh); 2 tansah gunêman (criwis).
gumrubyug: kn. têka bêbarêngan wong akèh; kc. grubyug.
gumrubug: kn. nywara grubug-grubug tmr. angin, gêni lsp.
gumrubul: kn. katon (mêtu) bêbarêngan akèh; kc. brubul.
gumrudug: kn. têka (mlaku) bêbarêngan wong akèh; kc. grudug.
gumrujug: kn. mancur bantêr, nywara grujug-grujug.
gumrumung: kn. nywara bêbarêngan; kc. grumung.
gumrunggung: kn. nywara anggrung; kc.grunggung.
gumrobyag: kn. nywara mak grobyag; kc. grobyag.
gumrojog: kn. mancur sarta nywara grojog-grojog; kc. grojog.
gumropak: kn. nywara kropak (kayu putung lsp).
gun: kn. surining tênunan sing dianggo misah salêran lawe; 2 êngg. ks. dhêmênan.
guna: (S) 1 kw. watak, kaluwihan, kapintêran; 2 kn. panggawe, krenah, paeka; 3 n. gina k. paedah; [x]-bisa ([x]-gawe, [x]-piranti, [x]-sarana, [x]-sêkti) kn. daya kang ngungkuli kodrat ginawe krenah (maeka) ing liyan; gumuna br. kumintêr; nggunani. maeka (mênggawe) ing liyan sarana guna-gawe lsp; ng-[x]-gawe kn. maeka, mênggawe; kc. kagunan, piguna, adi-guna, mandra-guna.
gunah: êngg. kn. wis mangêrti têmênan; kc. gonah.
guna-kaya: kn. pamêtune wong lanang kang kawènèhake marang bojo.
gunaman, gunawan: (S) kw. sugih kapintêran, pintêr bangêt.
(gundam): ng-[x]-[x] kn. mbêngok marga kagèt ut. gila.
gundêm: êngg. kn. canthèl.
gunjara: êngg. kn. kunjara.
gundha: kn. ar. têtuwuhan sing thukul ing sawah; gumundha lêmara. umur-umuraning pari ngarêpake gumadhung.
gundhal: êngg. kn. gamêl; kc. gondhal, bêgondhal.
gundhala: I (S) (ut. [x] titir) kw. (têtêg, kêndhang lsp) digawe têngara. II kw. anting-anting, ali-ali; kc. kundhala.
gundhik: kn. 1 sêlire bangsa ngamanca (wong pribumi sing diêpèk bangsa ngamanca); 2 êngg. sêlir; 3 ratuning laron (laron wadon); di-[x]. disêlir.
gundhil: kn. 1 tanpa wulu tmr. pari; 2 tulisan Arab (basa Jawa) kang tanpa têtêngêr sandhangan. ng-[x]. 1 wis êntèk wulune; 2 mlarat bangêt.
--- 156 ---

gundhul: kn. 1 ora ngingu rambut (dicukur) tmr. êndhas; 2 buthak (tanpa têtuwuhan) tmr. gunung; [x] pronthos. gundhul dicukur kabèh; sawah [x] êngg. sawah lungguh sing ora ana desane; suruh [x]. suruh tuwa sing wis ilang sêmprite; êndhas [x] dikêpêti pr. wis kêpenak dikêpenakake manèh; ng-[x]. 1 (ut. [x]-an) ora nganggo ikêt ut. topi; 2 (ut. ng-[x]-i) nyukur.
gunêm: n. ginêm k. catur, rêmbug; ng-[x]. ngrêmbug sawijining prakara, nyatur; [x]-an. caturan, clathu; pa-[x]-an. paomongan.
guni: I êngg. k. guna. II êngg. kn. goni.
gunita: (S) kw. 1 kagunan, kapintêran; 2 rêmbug; kc. guna.
gunung: I n. rêdi k. pêpunthuk sing gêdhe lan dhuwur; sri [x] kn. wêwujudan yèn saka kadohan bêcik, saka cêdhakan ala; kêrubuhan [x] pr. nêmu kasusahan gêdhe; diêlêtana sêgara [x] sap pitu pr. yèn wis tinakdir jodho adoha ênggone ut. dipalangana dikaya ngapa iya bakal kêtêmu. katepan ngrangsang [x] pr. njangka prakara sing nglêngkara; kêjugrugan [x] mênyan (kêmbang) pr. nêmu kabêgjan gêdhe; ngontragake [x] pr. asor (ringkih)bisa ngalahake sing luhur (kuwasa); ng-[x]-i. patrap-pratingkahe kaya wong gunung; [x]-an. 1 (n. rêdèn k) têtironing gunung; 2 (kn. parêdèn k) têtironing gunung kang digawe janganan lsp, kanggo ajad dalêm yên pinuju grêbêg; 3 kn. kayon (wayang kang awangun kaya gambar gunung ana gambarane gapura lan kêkayon); 4 kn. (bathuk [x]-an) awangun kaya gunungan wayang yaiku ing dhuwur sêmu lancip; pa-[x]-an. tanah ing gunung-gunung. II kn. panggêdhening distrik ut. kapulisèn (Surakarta); gêgunungan, [x]-an br. panggêdhe, lêlurah.
gunung-gêni: n. rêdi latu k. gunung kang ngêtokake gêni.
gunung-guntur: kn. ar. bakal (lurik).
gunung-kêndhêng: n. rêdi-kêndhêng k. gunung sing dawa lêlarikan.
gunung-sêpikul: kn. wanguning ali-ali (matane ing têngah kaya suwêng cêplik diapit-apit ing intên loro sing padha gêdhene).
guntang: êngg. kn. 1 bngs. bumbung wadhah banyu; 2 gêntang, nutu.
guntên: I êngg. k. guna. II êngg. k. kuli. III dipun-[x] êngg. k. digolèki.
gunting: kn. ar. piranti awujud kaya lading loro kaya kacip; jagang [x]. pring loro diwangun kaya gunting dianggo sanggan; suduk [x] tatu loro pr. nandhang kasusahan mangro mratêlu; di-[x]. diiris nganggo gunting.
guntur: kw. 1 jugrug; 2 soking banyu; di-[x]-i. 1 dijugrugi, dilongsori; 2 diêlêbi, diêsoki; gêgunturan. swara rame dening gumrujuging banyu udan lsp.
(guncang): ng-[x] êngg. mbuncang, ngontalake.
(gunyêr): ng-[x] êngg. kn. ngginyêr.
gung: I kw. gêdhe; di-[x]-ake. diêndêl-êndêlake, diumukake, kc. agung, mêgung. II kw. tansah; kc. anggung. III êngg. n. durung.
gungan: kn. ngadi-adi tmr. bocah; kc. ugung.
gunggung: I kn. olèh-olèhane ngumpulake wilangan (cacah), jumlah; ng-[x]. ngumpulake wilangan dadi siji; [x]-an. 1 olèh-olèhane

nggunggung; 2 petungan bab nggunggung. II ng-[x] kn. ngalêm sing kêladuk ngompak, ngonggrong.
gunggung-kumpul: n. gunggung-kêmpal k. gunggunge kabèh.
gunggrung, gungkrung, gungrung: êngg. kn. gunung.
(gungsir): ng-[x] êngg. ndhungsir.
gupa: I ng-[x] êngg. kn. ngupa-kara. II kw. kc. gopa.
gupak: kn. 1 rêgêd marga kêna (nggêpok, kêcipratan) apa-apa; 2 (ut. gêgupak) kungkum ana ing blêthokan tmr. kêbo; [x]-an. luwangan kêbak blêthok dianggo kungkum kêbo.
gupala: rêca [x] kn. rêca panjaga lawang (gapura); kc. gopala.
gupe: kw. sêdhih, prihatin.
gupêrmèn: (W) kn. pamarentah ing Hindiya; [x]-an. wêwêngkon ut. apa-apa sing kabawah ing gupêrmèn.
gupêrnur: (W) kn. 1 (ut. Gupêrnur Jendral) panggêdhening paprentahan ing Hindiya; 2 panggêdhening propinsi.
gupi: kw. 1 kocap, crita; 2 dolanan nabuh gamêlan.
gupis: êngg. kn. gripis tmr. untu.
gupit: I kw. sênthong paturon; ng-[x]. njêpit (sêsak bangêt, ciyut bangêt); di-[x] êngg. disinggêt-singgêt.
gupita: I (S) kw. 1 anggitan, karangan kêmbang; 2 têtêmbungan; 3 karangan, rumpakan; di-[x]. dianggit, dikarang. II (S) kw. 1 pingidan; 2 putri.
gupya: kw. sêdhih; kc. gupe.
gupyuk, gupruk: kn. rame bangêt (omong ut. tumandang).
gupu: kw. pangeyuban tmr. kewan ut. wong; kc. gupon.
gupuh: kn. gita sarta kêsusu arêp mêthukake lsp.
gupur: kw. wêdi, kagèt.
gupoh: êngg. kn. gupuh.
gupon: kn. omah (kandhang) dara.
gupruk: kn. gupyuk.
gupta: (S) kw. wadi, samar; ginupta. winadi, ginaib.
gur: I (ut. nggur) êngg. pc. mung; kc. kur. II kn. pêpindhan swaraning gong.
guragada, guragodha: kw. diksura, kuma-wani.
gurah: I 1 kn. kêmu ngrêsiki gorokan; 2 ki.kêmu. II di-[x] kn. digusah; kc. gurak. III êngg. kn. prapèn kanggo ngobong barang kuningan; ng-[x]-i. ngluroni (ngobong) barang kuningan.
--- 157 ---
(gurak) ~ (guthil).
(gurak): I di-[x] êngg. kn. digusah, ditundhung. II ng-[x] êngg. kn. cêthèk tmr. lukon lsp.
gurawa: kw. kc. gorawa.
(gurawal): [x]-an kn. gugup gita mêthukake.
gurda: (S) kw. (êngg). wit wringin.
gurdi: êngg. kn. uncêg, bur.
gurêm: kn. tumaning pitik; [x] thèthèl-thèthèl pr. wong cilik njangka dadi luhur.

guri: êngg. pc. buri.
gurih: kn. rasa kaya dene rasaning krambil; sêga [x]. sêga wuduk.
gurinda: kn. grenda.
(guris): ng-[x] êngg. kn. ngêruki (ngorèti) intip lsp.
gurisan: êngg. kn. badhutan, lêlucon.
gurit: kw. 1 tulisan tatahan; 2 kidung, têmbang; ng-[x]. 1 kw. ngarang têmbang, ngidung, ngrêrêpi; 2 kn. (ut. ng-[x]-ake) ngurak-urakake bocah cilik; [x]-an, gêguritan kn. têmbang (uran-uran) mung awujud purwa kanthi, up. Rujak nanas kêmplung-kêmplung anèng gêlas, tuwas tiwas nglabuhi wong ora waras.
gurita, grita: kn. ambên bayi nganggo tali.
guritan: êngg. kn. kêbon.
gurma: kn. ak. gêrma.
gurna: (S) kw. umyung, rame bangêt.
gurnadur: (W) kn. gupêrnur.
gurnang: êngg. kn. sudi, gêlêm; ora [x]. ora sudi.
gurnat: (W) kn. bngs. bom.
gurnita: (S) kw. omyung, nywara rame.
gurniti: br. gurnita.
guru: I kn. 1 wong sing mulangake kawruh agama ut. kabatinan; 2 wong sing mulang muruk ing pamulangan; 3 ([x] tawon) ratuning tawon (tawon wadon); ma-[x], nggêguru; golèk kawruh (lumrahe kawruh kasampurnan); ngguroni. 1 tandang-tanduke kaya guru; 2 dadi guru, mulang; digurokake. disinaokake marang guru; paguron. 1 panggonaning guru; 2 prakara-prakara sing winêjangake ing guru. II kn. 1 paugêran, wêwaton, ukuran; up. gamêlanmu dak silihe arêp dakanggo [x] nglaras gamêlanku; 2 kanthi ngèlingi paugêran; ng-[x]. anut, miturut (wêwaton). III [x]-[x] kn. enggal-enggalan, kêsusu.
guru-alêman: kn. tansah golèk alêm.
guru-bakal, guru-dadi: kn. barang-barang sing isih wujud bakal karo sing wis dadi dandanan (dianggo bulu-bêkti ut. tukoning pangantèn).
guru-bantu: kn. guru ing pamulangan angka loro sing dadi pambantu.
guru-dina: kn. ala bêciking dina.
guruh: kw. gludhug; gumuruh kn. gumludhug, nywara rame.
guru-lagu: kn. 1 ak. ukuran abot (dawa) ènthèng (cêndhak) ing swara tmr. dhapukaning têmbang kawi; 2 dhong-dhinging swara ing wêkasaning pada ing têmbang maca-pat, up. têmbang kinanthi pada kapisan ... u, kapindo ... i, katêlu ... a, kapat ... i, kalima ... a, kanêm ... i.
guru-laki: kn. laki (wong lanang minangka guruning somah).
guru-nadi: kw. 1 guru; 2 guru-laki.
gurundaya: kn. ar. manuk bngs. manuk lawèt, sriti.
gurung: I kn. 1 gorokan, dalan pangan ing gulu; 2 dalan ambêkan saka kêbuk têkan ing cangkêm; sadawa-dawaning lurung isih dawa [x] pr. pawarta iku mêsthi bakal sumêbar. II êngg. pc. durung.
guru-sastra: kw. purwakanthi sing nunggal sastra (aksara), up. katula-tula katali.

guru-swara: jkw. purwakanthi sing nunggal swara, up. opor-opor bèbèk, mêntas saka awake dhèwèk.
guru-wilangan: kn. cacahing wanda ing padaning têmbung maca-pat, up. ing têmbang durma. pada kapisan 12, kapindho 7, katêlu 6, kapat 7, kalima 8, kanêm 5, kapitu 7.
(gurtak): di-[x] êngg. kn. digêrtak.
gus: kn. wc. bagus (sêbutane bocah lanang).
(gusah): ng-[x] kn. nundhung akon lunga (marang kewan lsp).
(gusak): ng-[x] êngg. kn. nggusah.
gusali: kw. pandhe; kc. bêsalèn.
gusar: I (ut. [x]-an) êngg. kn. pasah tmr. untu). II êngg. pc. nêpsu bangêt, muring.
(gusêk): di-[x] êngg. kn. dibusêk.
gusi: kn. daging dununging untu.
gusis: kn. êntèk nganti rêsik babar-pisan.
guskara: kw. sumur, blumbang.
gusti: kn. 1 bêndara; 2 sêsêbutane para luhur tuwin Allah; ng-[x] br. mbêndara, ngabdi.
gusthi: kw. rêmbug, di-[x]. dirêmbug.
(gut): [x]-[x]-an kn. grêgêtên bangêt.
gutuk: I kn. balang, sawat; di-[x]. dibalang; ng-[x] apilamur pr. mialani ing liyan banjur api-api ora mangêrti; ng-[x] lor kêna kidul pr. nyêmoni. II êngg. kn. 2 sabên 1 rêgane iya 1 (sen, bribil lsp); 2 sambut, kurub; ng-[x]. wis olèh dituku sabên 1 rêga 1 (sèn, bribil lsp). III ki. ompong.
gutuk-api: kn. ak. gurnat.
(gucêl): di-[x] êngg. pc. dicêkêl.
guci: kn. bngs. gêndul sing digawe lêmpung; kc. goci.
(guco): ng-[x], ngguconi êngg. pc. nggocèki.
(guthah, guthèh): ng-[x] êngg. kn. gulungan ing blêthokan, gêgupak.
guthaka: kw. ak. sumur, guwa.
guthang: êngg. kn. gothang.
(guthêk): di-[x]-[x] kn. disinggêt-singgêt (dadi sênthongan lsp); [x]-an sênthongan, kamaran.
guthêng:, irêng [x] êngg. irêng bangêt.
(guthêt): êngg. kc. guthêk.
guthi: cili(k) [x] êngg. pc. 1 cilik bangêt; 2 asor bangêt.
(guthik): [x]-an êngg. kn. bijigan tmr. kêbo.
(guthil): ng-[x] êngg. kn. uthil, cêthil bangêt.
--- 158 ---
guthul ~ gograg.
guthul: I êngg. kn. cèlèng. II êngg. kn. anjog ing; jêbul. III êngg. ks. gathèl.
guthon: êngg. kn. gêglênikan mung wong loro.
guwa: I kn. 1 growongan ing gunung-gunung; 2 êngg. babahan; di-[x] êngg. dibabah.II êngg. pc. mungguha (tumrap).
guwab: êngg. kn. goroh, tanpa têgês; kc. gobab.

guwa-garba: kw. wêtêng (ing biyung).
guwaya: kn. 1 cahyaning praèn; 2 mawa cahya (warna) sing nandhakake waras.
(guwak, guwang, guwat): di-[x] êngg. dibuwang.
guwan: kn. 1 têtironing guwa; 2 êngg. babahan; kc. guwa.
(guwèh): [x]-ên êngg. kn. lara tatu ing cangkêm.
guwèk: I kn. ar. manuk saba bêngi. II di-[x] êngg. dicuwèk, dikuwèk.
(guwèl): di-[x]-[x] kn. didêmak lan diolag-aligake.
guwing: kn. 1 suwing; 2 cuwil sathithik; kc. gowèng.
guwul: êngg. kn. ar. piranti kanggo misaya iwak.
guwowokan: êngg. kn. gunêman nyênthe-nyênthe.
go: I (S) kw. ak. sapi; cs. 9. II êngg. pc. kanggo;kc. anggo.
gobab: êngg. kn. goroh.
gobag: I kn. ar. dolanan bocah; ng-[x] êngg. ngalang, nyidhat dalan sing luwih adoh; di-[x] êngg. diubêng-ubêngake, ut. diingêr-ingêrake têmbunge. II di-[x] êngg. kn. ditawu kaêsokake ing sawah.
gobag-gabig: kn. tansah ngobahake êndhas tmr. kewan; kc. gabig.
gobang: I kn. bngs. bêndho gêdhe kanggo ngrajang têmbako. II kn. 1 ak. ar. dhuwit ing jaman biyèn ajine ana 2 dhuwit (± 1 2/3 sèn); 2 êngg. benggol (2½ sèn); têlung [x]. 5 sèn.
gobèd: kn. 1 lading sing landhêpe digawe kaya wiron; 2 êngg. bngs. gobang.
gobèr: kn. 1 tipis lan njêbèbèh tmr. dhuwit sing wis lawas lsp; 2 bngs. lading dawa alandhêp.
gobig: kn. 1 nggabig; 2 ora gêlêm ngaku.
gobis: êngg. kn. kobis.
(gobyag): ng-[x] kn. 1 ngocak-ocak gêndul lsp; 2 ngagètake, nggugah kanthi ngêgèt.
gobyog: kn. swara sing nggêjêg (titir lsp).
(gobyos): ng-[x] êngg. gêmrobyos kringête.
(goblah): [x]-[x] êngg. kn. gomblah-gomblah.
goblêg: kn. 1 êngg. kêrowanên, kêjênggarên; 2 ngêlu bangêt (nganti kaya budhêg).
goblog: kn. bodho bangêt, gêblêg.
gobog: kn. 1 dhuwit Cina ing jaman biyèn ing têngah ana bolongane pêsagi; 2 êngg. dhuwit kêlip (5 sèn); 3 ks. kuping.
gobrah: kn. gubrah, gudras, kêkuthah.
godag: ora [x] êngg. ks. ora bisa.
godog: I êngg. kn. 1 colok sing digawe rentengan jarak; 2 bngs. gandhèn garane dawa. II ng-[x] kn. narik nggondhèli, nggèrèd nggandhuli.
godrah, godrès: êngg. kn. gupak (mêtu) gêtih.
(gojag): ng-[x], ng-[x]-i kn. ngrêsiki gêndul lsp. sarana disèni banyu banjur diocak-ocak.
gojag-gajêg: kn. ora têtêp pamikire (kaya iya kaya ora); kc. gajêg.
gojag-gajig: kn. oyag-ayig.
gojèg: ut. [x]-an gêguyon.

gojèh: êngg. kn. gujih.
(gojog): ng-[x] kn. 1 nggojag, nggojagi; 2 ks. cumbana.
godha: kn. apa-apa sing njalari dosa (badhar tapane lsp); ng-[x]. ngrêridhu, nandukake pamiluta lsp. supaya badhar tapane (nglakoni dosa).
godhag: I kn. longkangan sêla-sêlaning barang loro; 2 antara ing sêla-sêlaning kothakan (singgêtan); di-[x]-i. diperang-perang dadi godhagan. II di-[x] êngg. kn. dioyak, diblêdig; kc. gudag.
godhag-gadhig: kn. tansah nyenggol (obah nyenggol).
godhang: êngg. pc. gudhang.
godhèg: kn. 1 rambut ing pilingan (pipi); 2 kuningan rêrênggan pilingan jaran.
godhêg: [x]-[x] kn. gêdhêg-gêdhêg, gèdhèg-gèdhèg.
godhêm, godhên: êngg. kn. benggol (2½ sèn).
godhi: kn. gombal lsp. dianggo nalèni; di-[x]. ditalèni nganggo kacu lsp.
(godhog): ng-[x] kn. matêngake (ngêmpukake) sarana kacêmplungake ing banyu banjur digênèni; ng-[x] wedang. nggênèni banyu.
godhoh: kn. godhonganing kuping.
godhong: n. ron k. 1 peranganing wit-witan awujud lêmbaran ijo mawa gagang; 2 inêb-inêbing jêndhela ut. lawang; 3 peranganing wêlah sing njêbèbèh; dadia [x] suthik nyuwèk pr. wis êmoh sapa aruh; lawas-lawas kawongan [x] pr. wong ngabdi lawas-lawas mêsthi ora kanggo; ngandhut [x] randhu pc. gunêman mencla-mencle.
gogèt: êngg. kn. tarung cokot-cokotan.
gogik: kn. manuk bngs. rangkok; 2 êngg. gaplèk pringkilan.
(goglog): ng-[x] êngg. kc. mangan.
(gogo): ut. ng-[x] (gogoh êngg) kn. golèk iwak sarana ngrogoh ing rong-rong lsp; [x]-[x] pc. grayah-grayah.
gogoh: êngg. gogo; ng-[x]-i kn. ngrogoh apa-apa ing.
gogok: kn. kêndhi kang tanpa cucuk; ng-[x]. ngombe nglangga (têrus saka ing kêndhi lsp).
gogol: êngg. kn. 1 kayu sing dianggo ngêgol (nyongkèl); 2 wong ing desa kang mbayar pajêg kêpala dadi wênang ndarbèni sawah (kuli kêncêng); di-[x]. 1 digarap tmr. sawah ut. têgal; 2 diojok-ojoki.
gogor: kn. macan cilik.
gogos: kn. gigis ut. ngêsong marga kasêntor ing ilining banyu; di-[x]. didhusili ing cèlèng (dipangan).
gogot: êngg. pc. tarung rame; kc. gogèt.
gograg: kn. 1 oyag bangêt nganti rusak;
--- 159 ---
2 sêdhih bangêt marga nêmahi kasusahan kang ngêgèt.
gogrog ~ gondhong.
gogrog: kn. 1 tiba durung mangsane tmr. wowohan; 2 kluron tmr. wong mêtêng; ng-[x]-ake. agawe supaya kluron.
goh: (S) kw. ak. sapi; cs. 9.[11]
gohpura: (S) kw. gapura.

goyang: I kn. oyag, gonjing; ng-[x]. ngêyun, ngobahake. II êngg. kn. ngaso, mulih.
gok: I (nggok) êngg. pc. kaprênah ing ... II dinggoki êngg. pc. didokoki.
gol: I kn. antru, kayu dianggo nyongkèl; di-[x], di-[x]-i. 1 disongkèl nganggo antru; 2 digarap tmr. sawah; kc. gogol. II ngê-[x]-[x]-i kn. njalari kandhêg, magoli; kc. kagol.
(golag-galig): di-[x]-ake kn. digulang-gulungake wolak-walik.
golak-galik, golak-galok: kn. nywara sêru cêtha tmr. wong ura-ura; kc. galik.
golang-galing: kn. ar. bathikan.
golang-goling: kn. tansah nggoling; kc. goling.
golang-golong: kn. tansah rukun pamitrane; kc. golong.
gole, goli: êngg. pc. olèhe.
golèk: I kn. pêpêthaning wong sing digawe kayu lsp. II n. pados k. ngupaya supaya bisa olèh; di-[x]-i. dilari nganti bisa kêtêmu.
golèng: I kn. nyanthuk uwange gêdhe tmr. janggut. II ng-[x] êngg. kn. nggoling. III [x]-[x] pc. katon ayu.
(goling): ng-[x] kn. ngglimpang, gumulung tmr. prau lsp.
golok: êngg. kn. bngs. cundrik.
golong: kn. 1 wis nunggal (kumpul) dadi siji; 2 glundhungan gêdhe, up. sêga [x]; gumolong. ngumpul dadi siji; ng-[x]. ngumpul dadi siji; ng-[x]-i. 1 ngêpêli sêga; 2 ngumpuli; [x]-an. 1 grombolan, perangan; 2 pêpanthan.
gom: I kn. ar. lêlaraning bocah ilate padha abang; [x]-ên. nandhang lara gom. II kn. bngs. blêndok digawe lim.
goman: êngg. kn. pawèwèh.
gombak: kn. rambut turahan ing buri (kaya kuncung); ora [x] ora kuncung ambêke kaya tumênggung pr. umuk bangêt.
gombal: kn. sandhangan sing wis lawas; ng-[x]. 1 nganggo sandhangan sing wis gombal; 2 pc. mlarat bangêt.
gombèl: kn. 1 glambir ing gulu tmr. jago ut. clarat; 2 êngg. anting-anting.
gombèng: kn. nisih, ora timbang, bot-sih; ng-[x]. 1 mrèjèngi kayu (kayu bulugan didadèkake pêsagi); 2 ngurugi guludan; 3 mbêndhèng, mbênggang; [x]-an. wilahan kayu sing mêntas digombèng.
gombing: kn. gombèng.
(gombyak): gêgombyakan pc. gêgêmbyakan; kc. gêmbyak.
gombyok: kn. 1 bolah sutra lsp. sing digawe rompyo-rompyo kanggo rêrênggan; 2 oncèn kêmbang ing kêris; di-[x]-i. dirêngga nganggo gombyok.
gombyong: êngg. kn. gombyok.
gomblah-gamblèh: kn. saèm. gèmblèh-gèmblèh.
(gombol): gêgombol êngg. kn. grumbul; ng-[x]. nggrombol, ngumpul; [x]-an. grombolan, kêkumpulan.

gombong: I kn. 1 (watu [x]) watu sing kropos; 2 (gêdhe [x]) gêdhe nanging ora rosa. II di-[x] kn. dikêmbong ing banyu; kc. gêmbong, kêmbong.
(gombrang): di-[x] êngg. dibabad, dipagas.
gombrèk, gombrik: êngg. kn. mlarat bangêt.
gompèl: êngg. kn. gopèl.
gon, nggon: pc. ênggon.
gonah: êngg. kn. mangêrti (wêruh) kalayan gênah.
gonas-ganès: kn. sarwa mrak-ati satandang-tanduke tmr. wong wadon; kc. gonès.
gondar-gandir: kn. tansah obah.
gondêm: êngg. kn. canthèl.
gondrong: kn. ar. gêndhing.
(gonjak): di-[x] êngg. kn. 1 disêmbranani; 2 didhêmêni; gêgonjakan. dhêmênan.
gonjang-ganjing: kn. tansah gonjing, nggolang-nggoling.
ganjat-ganjit: kn. oyag-oyag ora kukuh.
gonjèh: êngg. kn. genjah.
(gonjèng): ng-[x] kn. 1 nggèrèd, narik, tansah nggondhèli; 2 ngujêg, nêmbung njaluk ora lèrèn-lèrèn.
gonjing: kn. 1 oyag-oyag kaya nggoling; 2 br. ora têntrêm, kadunungan rasa kapengin.
gonjit: kn. oyag-ayig ora kukuh.
gonjol: kn. kapal ing pundhak ut. ing gulu.
gonjong: kn. brunjung, bronjong.
gondhal: kn. gamêl (wong sing nuntun jaran sing ditunggangi); kc. bêgondhal.
gondhal-gandhul: kn. katon obah gumandhul;kc. gandhul.
gondhang: I kn. têlak, gorokan. II kn. ar. têtuwuhan; keyong [x]. keyong gêdhe; pitik [x]. babon ulêse kuning rada klawu. III ng-[x] êngg. kn. kothong, tanpa isi (momotan); kc. glondhang. IV ng-[x] êngg. mbijig, nyundhang.
gondhang-gandhung: êngg. kn. pit.
gondhang-kasih: kn. 1 barang loro sing ora jodho (beda rupane); 2 anak loro sing siji kuning sijine irêng.
gondhèl: kn. êngg. bngs. anting-anting; gêlung [x]. gêlung têkuk sing saparo kaklawèrake; lading [x]. bngs. lading panyukuran cêndhak; na [x]. na gandhul ...; ng-[x]-i. 1 nyêkêli sarta nggandhuli; 2 ngelikake aja mbacut; [x]-an. cêkêlan sarta nggendholi.
gondhil: kn. gundhil.
(gondho): di-[x] êngg. kn. dibandhêm.
gondhok: I kn. 1 lêlara ing gulu mblêndhuk êmpuk; 2 cêndhak sarta gedhe tmr. barang, up. gêndul [x]; [x]-ên. duwe lara gondhok. II [x]-[x]! êngg. sabawaning gumun.
(gondhol): ng-[x] kn. 1 nggawa sarana kacokot; 2 pc. ngiwat wong wadon.
gondhong: I kn. lêlara abuh ing gulu; [x]ên. lara gondhong.

--- 160 ---
II kn. peranganing panênunan awujud kayu gilig.
gonès ~ gotong-royom.
gonès: kn. mrak ati sarta kênès (patrape wong wadon).
goni: kn. luluping wit kang digawe karung, uga karunge iku.
gonor: êngg. kn. kuwur, bingung atine.
gontèng: I kn. rayap sing êndhase gedhe; cèlèng [x]. bngs. cèlèng cilik. II êngg. kn. timun.
(gontor): ng-[x] kn. ngglontor.
(goncèk): êngg. kc. goncèng.
(goncèng): ng-[x] kn. boncèng, nunut nunggang ing buri.
gonyak-ganyuk: kn. tandang-tanduk sing ora urus; kc. ganyuk.
gonyèh: kn. 1 gampang mlècèt tmr. kulit; 2 ora mêmpur tmr. tela lsp.
gong: kn. ar. princèning gamêlan rupane kaya bèri mawa pêncu; [x] lumaku tinabuh pr. wong sing njaluk (kumudu-kudu) ditakoni; [x] muni sasêle pr. mriksa wong pêpadon lagi ngrungokake paturane wong sing siji; ngê-[x]. nabuh gong; ngê-[x]-i 1 nabuh gong ngêtrêpi padaning gêndhing; 2 ngiyani, mupakati gunêming liyan; sa-[x]-an. sagêndhing.
gong-bonjor: kn. bumbung mawa sêbulan kanggo ngêgongi gamêlan angklung.
gonggang: kn. rênggang, ora rapêt, bênggang.
gonggo: kn. bngs. kêmangga gêdhe.
gonggong: I ng-[x] êngg. kn. 1 njugug; 2 ora têntrêm atine, tansah ora marêm. II kn. ar. mainan nganggo kêrtu cilik mung wong têlu.[12]
gonggos: êngg. kn. gogos.
(gonggrong): di-[x]-ake êngg. dianggrongake, ditumpuk.
gongsèng: êngg. kn. gêlang sikil nganggo klinthing.
gongsor: êngg. kn. longsor; ng-[x]-i. nglongsori.
gopa: (S) kw. panjaga, pangon.
gopala: (S) kw. panjaga, pangon.
gope: wedang [x] pc. wedang komboran.
gopèl: kn. cuwil sathithik tmr. grabah ut. bala-pêcah.
gopès: pc.ks. gripis.
gopura: (S) kw. gapura.
gopok: kn. 1 akèh campurane tmr. mas lsp; 2 kasar tmr. sêrating kayu; 3 êngg. ringkih tmr. pawakan; 4 ks. bodho; kc. gapuk.
goprak: I kn. pring kapasang ing wit krambil lsp. didokoki dudutan saka ing ngisor (kanggo nggusah bajing, manuk lsp). II (ut. goprèk, goprèkan, goprok êngg) kn. jinis sing ala dhewe.
gopracara: (S) kw. ak. pangonan.
(gor): di-[x]-ake, [x]-[x]-an êngg. ora diopèni tmr. tanduran.
gora: (S)kw. 1 gêdhe, nggêgirisi, mêmêdèni; 2 kuning, êmas.
gora-godha: kw. diksura, kumawani, ambêk sawênang-wênang.
goraya: kw. gora.
gorawa: (S) kw. urmat, kalawan urmat, ngajèni.
gordhèn: (W) kn. gubah, klambu tutup cêndhela lsp.

gordhèl: (W) kn. sabuk wlulang.
gordhên: êngg. kn. ringgit (f 2,50).
gorèh: kn. 1 ora jêjêg, tansah goyang tmr. prau lsp; 2 têntrêm (jênjêm) atine.
(gorèk): di-[x]-i êngg. kn. dijupuki (diosak-asik) barang-barang kang wis ora bêcik; [x]-an. apa-apa sing wis turahan (wis ora becik ut. ora aji).
gorèng: kn. sing dikongsèng ut. diratêngi ing lênga, up. sêga [x], kacang [x]; di-[x]. diratêngi sarana dikongsèng ut. digodhog ing lênga; [x]-an. apa-apa sing digorèng (gorèng-sangan) di-[x] kn. digorèng tanpa lênga.
gori: kn. nangka ênom.
goring: tahu [x] êngg. kn. tahu gorèng.
goroh: n. dora k. 1 kandha sing ora nyata; 2 ora katon cêtha ayang-ayangane tmr. pangilon; ng-[x]-i. 1 goroh marang; 2 ngapusi; pang-[x]-an, gêgorohan kn. prakara apa-apa sing goroh.
gorok: kn. (graji [x]) graji sing tanpa dhalangan; di-[x]. 1 disêmbêlih 2 digraji nganggo gorok; [x]-an. pucuking gurung saburining têlak; pang-[x]. pajêg nyêmbêlèh kewan.
(gorong): [x]-[x] êngg. kn. urung-urung; [x]-an êngg. gurung.
(gos): [x]-[x]-an pc. gas-gasan.
gosana: (S) kw. ak. undhang, pawarta.
gosang: êngg. kn. gosong.
(gosèk): ng-[x] êngg. kn. babad alas, nêgori kayu ing alas.
gosita: (S) kw. ak. pawarta, rêmbug, gunêm; ng-[x]. ngrêmbug, nggunêm.
(gosok): ng-[x] kn. 1 ngêlus ut. nggilapake sarana diusêk mawali-wali; 2 nyara-wèdi intên; 3 nggiring buron alas kang arêp diburu; 4 êngg. pc. nggêgasah supaya muring; ng-[x]-i. 1 nggosok mawali-wali; 2 êngg. pc. nuturi ala, nggêgasah; [x]-an. 1 kang wis digosok; 2 tular-tularan kawruh lsp.
gosong: I kn. irêng marga kêbrongot ing gêni. II ng-[x]-i kw. nggotong, ngusung. III kn. punthukan wêdhi ing sêgara.
gosthi: (S) kw. pangrêmbung; ng-[x]. ngrêmbug, nggunêm.
got: (W) kn. kalenan.
gotèk: êngg. kn. ujar, kandha; [x]-e êngg. ujare, kandhane; ng-[x] êngg. ngrêmbug, ngandhakake, ngomongake (nglamar); [x]-an êngg. omong-omongan.
(gotong): ng-[x] kn. 1 nggawa apa-apa kajunjung ing wong akèh; 2 mèlu mitulungi.
gotong-mayit: kn. ak. 1 lêlungan ngambah dalan gawat mung wong têlu; 2 kaanan (pasang-rakiting omah, petungan dina lsp) sing njalari pati (sangsara).
gotong-royom: kn. tumandang ing gawe bêbarêngan.
--- 161 ---
gotra ~- (grayung).
gotra: (S) kw. sanak sêdulur, brayat.

gotrah: kn. sanak sêdulur, brayat, krandhah.
gotram: êngg. pc. omong-omongan arane.
gotri: kn. mimis cilik.
gotrok: êngg. kn. lèri, lori.
(gocèk): ng-[x]-i n. nyêpêngi k. 1 nyêkêli; 2 êngg. nggondhèli, nggujêngi; [x]-an. 1 cêkêlan, gondhelan; 2 garan sing digocèki.
(gocèl): êngg. gocèk.
goci: kn. guci; tali [x]. talining layangan.
(goco): ng-[x] kn. nyuduk (nyongkol) wêtêng.
gothak-gathuk: kn. bola-bali gathuk; digothak-gathukake. dicocog-cocogake, diêtrap-êtrapake; kc. gathuk.
gothang: kn. 1 ora ganêp (pêperangane); 2 ilang siji sikile; 3 êngg. pc. suwung, durung diênggoni; ora [x], ora tau [x]. ora kêndhat, ora tau lowong, sampurna (wutuh).
gothèk: I êngg. kn. gèntèr dianggo nggêpyok woh; di-[x]-i. digêpyoki. II [x]-ku êngg. pc. duwèkku.
gothil: I êngg. kn. gothang. II êngg. pc. apus-apusan; di-[x]-i. diapusi.
gotho: kn. 1 ar. kewan bngs. kutis cilik; 2 êngg. montit (êndhas-êndhasan lèri).
gothok, gothol: êngg. kn. gethokan, apus-apusan.
gothot: kn. kêncêng sarta kiyêng tmr. pawakan, di-[x]-i êngg. diêpêng, ditandangi kanthi karosan.
gowah: kn. ar.manuk saba bêngi; kc. guwèk.
gowak-gowèk: ks. kumudu-kudu mutah.
gowal-gawèl: kn. 1 tansah nyakot; 2 tansah maoni; kc. gawèl.
gowal-gawil: kn. oklak-aklik arêp copot (coplok).
gowang: kn. cuwil sathithik ing landhêping lading lsp.
gowèh: kn. lara tatu ing padoning cangkêm; [x]-ên. nandhang lara guwèh.
(gowèk): [x]-[x] ks. kumudu mutah.
gowèng: kn. cuwil sathithik ing lambene (pinggire); kc. gopèl.
gowok: I kn. ar. wit sarta wohe, wohe rupane wungu; [x]-an. ar. dolanan bocah. II kn. growongan ing kayu lsp; ng-[x]. nusuh ing gowok.
gowong: I kn. abdi-dalêm tukang kayu. II pa-[x] êngg. kn. coblong (grahana srêngenge nganti ilang).
gra: kw. 1 pucuk, puncak; 2 bangêt kc. agra.
grabad: ut. [x]-an kn. bumbu-bumbu lan uba rampene wong olah-olah; ng-[x] êngg. adol grabadan.
grabag: êngg. kn. bngs. garu sing amba antarane unton-untone di-[x], di-x]-i. 1 digaru, diadhuk nganggo grabag; 2 dibakali, gawe apa-apa mung diwangun dhisik; 3 digêbug racak.
grabah: I kn. barang-barang sing digawe lêmah (kuwali lsp). II ng-[x] kn. nggarap apa-apa mung kasar-kasaran dhisik, nggrabagi.
grabyag: ng-[x], [x]-[x] kn. mung sadhela nanging bantêr tmr. ombak, banjir lsp; [x]-an. 1 ombak (banjir) sing ngêlêbi; 2 nindakake apa-apa ora kalawan titi; sa-[x]-an. ora suwe, satleraman.

grabyas: kn. sayadan iwak sing ana gajihe; sa-[x]-an. mung sadhela bangêt; kc. gumrabyas.
grad: (W) kn. gêrêt-gêrêtaning termotetêr; 2 urut-urutaning dharahing ratu.
graja: (S) kw. (ut. grahaja) sêdulur.
grajag: [x]-[x] kn. pêpindhan swaraning banyu kang mancur; ng-[x]. mili mancur; ng-[x] gêtih. ngêtokake gêtih akèh tmr. wong wadon; kc. gumrajag.
grajèn: kn. 1 bubukan kayu sing digraji; 2 (ut. panggrajèn) papan sing dianggo nggraji; kc. graji.
graji: kn. piranti dianggo nyigar (mrèjèngi, ngêthok lsp) kayu awujud wilahan wêsi mawa unton-unton; ng-[x]. 1 migunakake graji; 2 pc. wis mbathi isih njaluk ujuran tmr. blantik lsp.
gragal: I êngg. kn. krakal. II ng-[x](-i) êngg. mluku garingan.
gragap: mak [x] kn. katêrangan solahe wong kagèt (tangi kagèt); ng-[x]. kagèt (tangane kaya mek-mekan; di-[x]-i êngg. digagapi; [x]-an. tangi turu kagèt.
(gragas): I ng-[x] kn. mêmangan barang sing ora patut dipangan; kc. granyah, glathak. II [x]-an êngg. kn. bêbalungane ula ut. kodhok; kc. ragas.
gragèh: kn. pucuking pang sing ênom tmr. têtuwuhan sing mrambat; [x]-[x]. grayah-grayah arêp nyênyêkêl.
grag-grêg: kn. mondhag-mandhêg; kc. grêg.
grag-grog: pc. swarane wowohan tiba, watuk lsp.
grago: I êngg. kn. urang cilik. II kn. mangga-mara, gojag-gajêg.
grah: kn. gêrah.
graha: I (S) kw. bojo; kc. garwa. II (S) kw. lintang. III (S) kw. baya.
graham: êngg. ki. bam.
grahana: (S) kn. katon growah (pêtêng) tmr. srêngenge (rêmbulan.
grahita: (S) kn. (ut. pang-[x]) pangêrti, panyananing batin; ng-[x]. mangêrti, nyana.
(grayah): [x]-[x], [x]-an kn. 1 gagap-gagap. mek-mekan arêp nyênyêkêl; 2 mangsuli bantahan lsp. mung golèk-golèk bae; kc. gumrayah.
(grayang): ng-[x] kn. 1 ngêmèk-êmèki; 2 nggêpok, nyêkêl; 3 ndakwa, ngira ala marang; ng-[x]-i. 1 ngêmèk-êmèki; 2 ndakwa, ngira ala marang; [x]-an. 1 cêkêl-cêkêlane, dumuk-dumukane; 3 (ut. pang-[x]-an) pandakwa ala.
(grayas): [x]-ên êngg. kn. tansah ora jênjêm atine.
grayêng:pêtêng [x] êngg. pc. pêtêng ndhêdhêt.
(grayung): isih [x]-an êngg. pc. isih grayahan (durung têrang pamikire).
--- 162 ---
graksa ~ (grèsèk).
graksa: kw. ak. gêlap.
gralapa: kw. (agra-lapa) sayah (ngêlih) bangêt.

gram: (W) kn. ukuran bobot sing abote padha karo bobote banyu rêsik 1 cm^2.
grama: I êngg. k. gêni. II ora (durung) [x]-[x] êngg. durung paja-paja. III (S) kw. desa.
gramang: kn. (sêmut [x]) sêmut abang; ng-[x] 1 nggrêmêt brangkang-brangkang arikat tmr. kewan gêgrêmêtan lsp; 2 mindhoni coraking bathikan (tulisan mangsèn sing wis lamat-lamat lsp); 3 nêrangake isining crita kalawan cêkakan.
(grambyang): ng-[x] kn. nyoba nabuh gamêlan nggolèki kêpenaking larase; [x]-an pc. rancangan.
gramblèh: pating [x] kn. padha katon gamblèh-gamblèh; kc. gamblèh,
gramèh: kn. ar. iwak bngs. sêpat; ng-[x] êngg. rada cênthula.
gramèn: êngg. k. dagangan; gêgramèn êngg. k. dêdagangan; kc. grami.
grami: êngg. k. dagang.
(grambyang): ng-[x] êngg. pc. ora katon cêtha, ngrambyang; kc. ramyang.
gramopun: (w) kn. somprèt muni dhewe.
grana: (s) ki. irung.
grandaka: kw. (gora andaka = banthèng gêdhe) galak, wêngis.
(grandhah): ng-[x], [x]-an pc. krandhahan (kêgêdhèn ut. kakehan gawan).
grandhèl: tela [x] kn. tela gantung (katès) sing gagange dawa-dawa,
grantang: I kn. ar. rêricikaning gamêlan bngs. gambang; sambate kaya [x], ng-[x] br. sêsambat ngaru-ara tanpa kêndhat. II êngg, kn. bubuk (ulêr) pring.
(grantês): ng-[x] kn. sêdhih (lara ati, gêtun) bangêt.
grantil, granting:, pating [x] kn. katon gumantil akèh tmr. woh-wohan.
grantos: êngg. k. graji.
grancêng, granthêng: pating [x] kn. padha katon nggancêng tmr. kawat, bolah lsp.
(granyah): I ng-[x] kn. sênêng mêmangan apa-apa. II di-[x]-i êngg. disrêngêni.
(granyam): di-[x]-i êngg. digranyahi (disrêngêni).
(granggam): ng-[x] êngg. ganggam, tidha-tidha.
granggang: kn. pring dilancipi kaya tumbak.
(grangsang): ng-[x], [x]-an kn. ngangsa-angsa kêpengin mêmangan lsp.
(graut): ng-[x] kn. nggaruk (nyuwèk) nganggo kuku.
graok:, pating [x] kn. padha nywara gaok-gaok tmr. gagak.
(graong): ng-[x], [x]-an êngg. 1 mbaung tmr. asu; 2 ks. nêmbang, ura-ura.
graos: êngg. k. graji.
grapyak: kn. sênêng aruh-aruh; kc. gapyak.
grasak: kn. wêdhi sing kasar.
grasi: (W) kn. pangapura ut. sudaning siksa paukuman.
grat: I êngg. kn. gêrat. II (W) kn. kc. grad.

grati: kn. brati.
gratis: (W) kn. lêlahanan (tanpa mbayar).
(grathil): ng-[x] pc. 1 gawe pitunaning liyan; 2 maeka ing liyan.
(grathul): [x]-[x], ng-[x] kn. ora lancar tmr. gunêman, maca lsp; kc. grothal-grathul.
grawah: jurang [x] kn. jurang sing ana kaline (kalène); [x]-[x]. swara ilining banyu ing jêjurang lsp; gumrawah.
(grawal): [x]-an kn. gita sarta kêsusu; kc. gurawal.
grawil: I pating [x] kn. gampang copote, gowal-gawil.II ng-[x] êngg. pc. nggrathil.
grawira: (S) kw. (agrawira) sena-pati.
grawul: pating [x] kn. ora alus pating bradhil.
grebyag: kn. blebekan tipis tmr. têmbaga; 2 kang digawe blebekan têmbaga tipis mung dipatri, up. kêndhil [x].
greja: (prt) kn. 1 omah dianggo papan pasêmbahyangan tmr. agama Kristên; 2 êngg. bngs. regol ing dalan cilik sing lumêbu ing desa; 3 (manuk [x]) ar. manuk kalêbu bngs. êmprit.
(grejah): ng-[x] kn. ngetung wêtuning dhuwit lsp.
(gredhah): di-[x] êngg. kn. digledhah.
grèg: mak [x] kn. pêpindhaning swara saèm. krèk.
gregah: mak [x] kn. tangi dadakan banjur njênggèlèk; gumregah. tangi njênggèlèk.
grègèl: mak [x] kn. tiba mrucut saka ing tangan; ng-[x]-i. tiba mrucut saka ing tangan.
greyang, greyong: pating [x] kn. padha katon gumandhul; kc. geyong.
grèk: kn. pêpindhaning swara kc. grèg.
grembyang: kn. katêranganing malik (diwalik kang ngisor dadi ana ing dhuwur).
(grèmèng): ng-[x], [x]-an kn. ndlêming;, kêkandhan tanpa têgês.
grenda: I kn. watu pangasahan bundêr diubêngake; sisaning [x] br. gêgaman landhêp; di-[x]. diasah ing grenda; kc. gurinda. II di-[x] ki. didadah.
(grenjal): ng-[x] êngg. kn. nggronjal.
grènjèng: I [x] mas (slaka lsp)kn. lêmbaran mas lsp. sing tipis. II kn. pêpindhan swaraning tibane banyu; kc. gumrènjèng.
grèndhèl: kn. kancing ing lawang ut. jêndhela.
grendhol: pating [x] kn. katon padha gumandhul; kc. gendhol.
grènèng: kn. 1 saèm. ganthol cilik; 2 bngs. unton-unton ing rêrênggan.
(grèng-gèntèng): pc. kc. gèrèng-gèntèng.
grèpès: kn. gripis bangêt.
grès: kn. gès (katêranganing pangiris); anyar [x]. anyar bangêt (tigas); [x]-e. anggone nêtaki.
(grèsèk): [x]-[x] kn. 1 (ut. ng-[x]) golèkturahan ing sawah ut. têgal sabakdane diênèni; 2 golèk-golèk sakatêmune bae.
--- 163 ---
grètèh ~ grig.

grètèh: kn. tlatèn ut. ora kêmba-kêmba anggone nênuturi lsp; di-[x]-i. dituturi kalawan tlatèn.
(grècèk): ng-[x] kn. sugih gunêm, dhêmên omong.
(grecok): ng-[x]-(i) kn. 1 ngajak gunêman arêp ngglêmbuk; 2 nyêngèsi.
grèthèl: kn. gèthèl, gèyèt; ng-[x]. nggèthèl, nggèyèt.
grewal: mak [x] kn. gêmpal sanalika; ng-[x]. nggêmpal wadhas lsp.
grewal-grèwèl: kn. gampang mrucut (nggrègèli); kc. gumrèwèl.
grèwèng: pating [x] kn. kakehan cangkingan gawan.
grêba: pc. kc. garba.
grêbêg: I kn. kc. garêbêg. II [x]-[x] kn. brêbêg bangêt (ing kuping).
(grêdèh): [x]-[x] kn. tansah kêdhèp marga lêlaranên.
grêdêg: mak [x] kn. têka bêbarêngan wong akèh.
(grêjèh): êngg. pc. kc. grêjih.
(grêjêg): di-[x] kn. dijiyat, dipêksa. dirujag; [x]-an. pêpadon, udur.
(grêjih): ng-[x] kn. tansah udan bae.
grêdhu: kn. kc. gêrdhu.
grêg: mak [x] kn. mandhêg dadakan; ngê-[x]-[x]-i. ngalang-alangi, njalari mandhêg.
grêgas-grêgês: kn. tansah krasa adhêm (arêp lara); kc. grêgês.
grêgèt: mak [x] kn. pêpindhan swaraning lawang diêngakake.
grêgêl: pating [x] kn. krasa kaya nggrênjêl; ng-[x]. 1 krasa nggrênjêl; 2 rada akèh anggone ngêtokake dhuwit ut. olèh kauntungan.
grêgêlèk: kn. gêndul cilik wadhah minuman; kc. gêlèk.
grêgês: I lêmah [x] êngg. lêmah kang kacampuran krikil. II ng-[x]-i kn. krasa adhêm (marga lara ut. arêp lara).
grêgêt: kn. kamêmpêngan, dêrênging ati arêp tumandang; [x]-[x] suruh. kaya mêmpêng arêp nêpsu nanging ora têgêl; ng-[x]-ake. njalari grêgêtên; [x]-ên. mangkêl bangêt.
grêgêt-saut: kn. tandang-tanduk kang sarwa cukat lan mêmpêng.
(grêgik): ng-[x] êngg. pc. ngrêrêmih.
(grêgut): ng-[x] kn. mêmpêng, kanthi kamêmpêngan.
grêha: (S) kw. 1 omah; 2 somah, bojo.
grêma: kn. tukang mbêburu.
(grêmbêl): ng-[x] kn. katon ngumpul dadi siji ut. akèh godhonge tmr. wit-witan.
(grêmbul): ng-[x] pc. nggrombol, ngumpul dadi siji.
(grêmbyêng): [x]-[x] kn. grênggêng-grênggêng.
grêmêng: I kn. rêgêmêng; [x]-[x]. katon gêdhe irêng (ana ing pêtêngan). II [x]-[x] kn. swara lirih bêbarêngan; ng-[x]. nywara grêmêng-grêmêng, nggrumung; kc. grênêng, gumrêmêng.
(grêmêt): ng-[x] kn. 1 mlaku tmr. ulêr lsp; 2 (ut. [x]-[x]) mlaku rindhik; kewan gêgrêmêtan. kewan sing nggrêmêt.
grêmis: êngg. kn. grimis.
(grêmus): di-[x] pc. dikrêmus.
(grêndim): di-[x] pc. diglênik.
grêndul: kn. glêpung kêtan diglindhingi kanggo isèn-isèn jênang.
grênjak, grênjêk: kn. grênjêt (niyat sing têkane dadakan).

grênjêl: pating [x], ng-[x] kn. krasa kaya ana sing mêndhukul (ngganjêl); ng-[x] atine. rada mangkêl.
grênjêt: kn. niyat (pêpenginan) sing timbule dadakan; kc. krêjêt, grênjak, grênjêk.
grêndhat-grêndhêt: kn. bola-bali kandhêg (kêsangkut)(grêndhêl) ng-[x] kn. tansah kèri, ora gancar lakune.
(grênjêng): di-[x]-i êngg. kn. diglêndhêngi; [x]-an. glêndhêngan, grênêngan.
(grênêng): [x]-[x] kn. gunêman lirih (ora cêtha); di-[x]-i. dicatur, diglêndhêngi; [x]-an. gumrêmêng marga ora kapanujon atine.
grênuk: pating [x] kn. padha thêthênguk omong-omongan.
(grêncêng): ng-[x], [x]-an kn. kêngkêng, cukêng, ngukuhi panêmune.
(grênyang): [x]-an kn. cênthula, ugal-ugalan.
grênyêng: kn. ar. gêndhing.
(grênyih): ng-[x] êngg. pc. tansah njêjaluk neka-neka.
grêng: I kn. katêrangane têmbung mangkat (nggawa); sa-[x]-an. saangkatan, sagawan. II kn. bêbondhotan (dhapuraning) pring ori; alas [x]. alas gêdhe (kêbak ing bêbondhotan); [x]-e. jênggêrênge. III br. gêrêng; ng-[x] br. nggêrêng.
(grênggêng): [x]-[x], gumrênggêng kn. nywara jêro ngumandhang kaya swarane wong akèh bêbarêngan.
grêngsêng: kn. kamêmpêngan (panggrêgut) ing ati arêp nindakake apa-apa; ng-[x]. nggrêgut, mêmpêng bangêt.
grêpak-senthe: kn. urut-urutaning turun kang kawolu.
grêpêk: pating [x] kn. swaraning kayu lsp. padha coklèk.
grêpyêk: mak [x] kn. swaraning athik-athikan lsp. sing ditêkuk; di-[x]. ditêkuk nganti muni mak grêpyêk.
grês: kn. krês.
(grêsah): ng-[x] kn. ngêsah, ngrêsula, sêsambat.
grêtak: kn. gêtak, gêrtak.
(grêthêl): ng-[x] êngg. pc. olèh akèh.
gribig: kn. 1 pring irat-iratan digandhèng-gandhèng sarana kaikêt ing duk dianggo aling-aling lawang lsp; 2 kêre; 3 êngg. kepang, widhig; di-[x]. 1 digawe gribig; 2 gêdhe cilik diracak padha bae, ora nganggo dibedak-bedakake; [x]-an. 1 nganggo gribig; 2 racakan, carukan.
(gridig): [x]-[x] kn. mlaku bêbarêngan wong akèh; kc. gumridig.
grija: kn. greja.
(grijag): ng-[x] êngg. kn. ngidak.
grig: mak [x] pc. sanalika wêdi; kc. jêgrig.
--- 164 ---
grigah-grigih ~ grobyag.
grigah-grigih: kn. minggrang-minggring sêmu gojag-gajêg panyêkêle; kc. wigih.
grigah-griguh: kn. lumaku ora jêjêg tmr. wong tuwa lsp.
grigèh: êngg. pc. grigih.
grigih: I kn. kc. grigah-grigih. II sa-[x] kn. êmpu lan ênthike tmr. êmpon-êmpon (jae lsp).

grigis: êngg. kn. grimis.
grigit: kn. ar. jamur.
griguh: kc. grigah-griguh.
griya: k. omah.
griyak: pating {x] kn. padha giyak-giyak.
griyal-griyul: kn. mamah goal-gaul; kc. griyul.
griyêng: I mak [x] kn. katêranganing ngangkat, njunjung ut. ngusung barang sing abot. II ng-[x] kn. nggiyêng, nangis ora mênêng-mênêng.
griyul: kê-[x] kn. ngidak (mamah) apa-apa kêtanggor sing atos.
grim: I (W) kn. ar. bakal warnane irêng. II kn. krakal ing dalan sêpur.
grimah: êngg. kn. kêbon (buri omah).
(griming): [x]-[x], pating [x] kn. krasa kêri sarta rada gatêl.
grimis: kn. udan kêpyur-kêpyur.
grinda: kn. kc. grenda.
(grining): gumrining kn. rêsik bangêt.
grinting: kn. ar. sukêt.
gring: (ut. agring) kw. lara; kc. gêring.
(gringging): [x]-[x] kn. 1 krasa kaya gringgingên; 2 minggrang-minggring; [x]-ên. krasa jimpe pating griming (clêkit) upamane sikil sing mêntas ditindhihi.
gringsing: I kn. ar. bathikan. II êngg. ngapusi.
grip: (W) kn. piranti dianggo nulis ing sabak.
gripir: (W) kn. juru panitraning pangadilan.
gripis: kn. gêrang, cuwil sathithik-sathithik ing pinggire.
grisi: kn. risi; nggrisèni. njalari grisi.
grita: kn. ambên bayi nganggo tali.
grita-gritu: kn. bêgita-bêgitu.
griwa: (S) ki. githok, cêngêl.
grubyug: mak [x] kn. pêpindhan swaraning mlaku bêbarêngan wong akèh, tiba lsp; mèlu [x]. ambyuk, mèlu bêbarêngan ngumpul; [x]-an. bêbarêngan (wong akèh), padha nggrubyug, bêbarêngan tumandang.
(grubug): [x]-[x] kn. swaraning gêni ut. angin gêdhe. gumrubug. nywara grubug-grubug; mangsa [x]-an. mangsa akèh angin gêdhe (bakda rêndhêng).
grubuh: pc. brubuh.
grudag-grudug: kn. bola-bali bêbarêngan mlaku; kc. grudug.
grudug: mak [x] kn. têka (mangkat) bêbarêngan wong akèh bangêt; ng-[x]-ake pc. ngurubake gêni (nganti mobyar-mobyar); [x]-an. mlaku bêbarêngan wong akèh bangêt; kc. gumrudug.
(grujug): I [x]-[x] kn. swara tumibaning banyu; ng-[x]-(i). nyirami, ngêsoki. II ng-[x] êngg. nggrudug, nglurug ngênèni pari.
grugah-gruguh: kn. wis ora duwe kêkuwatan, sarwa ringkih tmr. wong tuwa.
(grugak): ng-[x] êngg. pc. kuru bangêt.
grugus: pating [x] kn. padha gugus.
gruyah-gruyuh: kn. kêcingkrangan bangêt.
grumah-grumuh: kn. mlaku alon bangêt (marga tuwa ut. lamur).

(grumbyung): [x]-an êngg. kn. gêmbyakan; kc. gombyong.
grumbul: kn. 1 gêgrêmbêlaning wit-witan cilik-cilik; 2 desa cilik; ng-[x]-i. ngumpuli, nggrombol marang.
grumyung: kn. umyung.
grumuh: êngg. kn. lêmu wêwêg tmr. bocah; kc. gêmuh, grumah-grumuh.
grumung: [x]-[x] kn. gumrênggênging swarane wong omong-omong; di-[x]. 1 disrêngêni sarana gumrêmêng ora mênêng-mênêng; 2 digrudug, digropyok; kc. gumrumung.
(grumut): [x]-[x] kn. mlaku alon-alonan (mbrangkang) sêmu arêp nglimpe ut. nyolong; ng-[x]. marani sarana mlaku alon-alonan (arêp nyolong ut. nyidra).
grumpung: kn. sumpung, pothol.
grundaya: kw. bngs. sriti.
(grundêl): ng-[x], [x]-an kn. grênêngan marga diêkon nindakake apa-apa sing dudu mêsthine; di-[x]-i. digrênêngi.
grundung: ng-[x], gumrundung kn. nywara nggêjêg (kayu tinabuh sêru).
grunêk: kn. panggrundêl ing ati, niyat; [x]-an, grunak-grunêk. kadunungan rasa-pangrasa ora sênêng, grundêlan ing batin.
(grunêng): ng-[x], [x]-an kn. grênêngan, grundêlan.
grunggung: kn. swara anggrung, grênggêng; rujak [x] kn. rujak sing digawe bngs. kewan êmpuk ing sêgara; kc. gumrunggung.
grup: (W) kn. golongan, pêpanthan.
grusa-grusu: kn. sarwa kasar lan kêsusu tmr. tandang-tanduk.
(grusah): ng-[x] kn. nggrêsah, sêsambat.
grutnên: (W) kn. mênganggo dhinês.
gruwa: pc. garwa.
(gruwak, gruwêk): ng-[x] kn. natoni sarana ngêmpakake kuku; kc. kruwêk.
gruwêl: mak [x] kn. katêranganing nyikêp (ngrangkul); kc. kruwêl.
gruwung: kn. 1 growong; 2 sumpung (ora ana irunge).
grobag: kn. 1 piranti dianggo momot mawa glindhingan loro kagèrèd ing wong (ut. sapi); 2 êngg. cikar; 3 engg. sêpur momotan, lèri; 4 êngg. bngs. kranjang dianggo momot kamomotake ing jaran; 5 grobag (pêthi gêdhe wadhah sandhangan lsp); ng-[x]. 1 nglakokake grobag; 2 momot ing grobag; di-[x]-ake. dimomotake ing grobag.
grobag-cèlèng: kn. grobag arodha siji (surungan).
grobyag: kn. pêpindhan swarane gêdhèg rubuh lsp; [x]-an. 1 tansah nywara grobyag-grobyag; [grobyag-...]
--- 165 ---
[...grobyag;] 2 pc. bingung anggone golèk butuh.
grobyog ~ gwang.
grobyog: êngg. kn. amblêg, mlêsêg tmr. payon.
(grobyos): kc. gumrobyos.
grobog: kn. 1 pêthi (kothak) gêdhe dianggo sêsimpên ut. wêwadhah; 2 glêdhêg, lêmarèn wadhah panganan.

groboh: I kn. 1 ora alus panggarape; 2 kasar, ora nganggo tatakrama. II di-[x] êngg. digledhah.
groda: br. gurda.
grodên: êngg. kn. benggol (2½ sèn).
grojog: [x]-[x] kn. swaraning banyu mancur; [x]-an 1 banyu sing mancur gumrujug; 2 ar. wanguning omah; kc. gumrojog, grujug.
grog-grog: kn. swaraning cèlèng.
grogol: kn. 1 pagêr sing kukuh; 2 pasangan kidang mênjangan; ng-[x]. 1 magêri nganggo grogol; 2 masangi kidang mênjangan; (pa)-[x]-an. papan sing dipagêri kanggo mbêburu kidang mênjangan.
groyok: kn. gunêman sajak kêsusu sarwa cêkak sarta dibolan-balèni.
gromah-gramèh: êngg. pc. rada cênthula.
grombyang: mak [x] kn. pêpindhan swaraning blèg tiba lsp.
grombol: kn. krompol, kumpul; ng-[x], [x]-an. ngumpul dadi pêpanthan.
grompol: kn. 1 krompol (klumpukaning barang cilik-cilik); 2 ar. wanguning ali-ali, suwêng, bathikan.
(gronjal): ng-[x], [x]-an kn. 1 oyag-oyag, obah-obah; 2 tangan lan sikile njêjak-njêjak; 3 mumbul-mumbul arêp njola (ucul) kc. kroncal.
grontol: kn. godhogan jagung pipilan.
grong: kw. jêro; kc. gêrong.
(gronggang): ng-[x] kn. mbênggang, nggonggangake.
(gronggong): I ng-[x] kn. isih ana lêlowahane ing jêro; [x]-an. lêlowahan (bolongan) ing jêro. II angin [x] êngg. Lawang. angin bantêr saka ing kidul.
gropak: kn. pêpindhan swaraning pang putung lsp.
gropak-senthe: kn. grêpak-senthe (urut-urutaning turun kang kawolu).
gropyak: pating [x] kn. nywara pating grobyag ut. pating gropak.
(gropyok): ng-[x] kn. ngoyak (nangkêp) bêbarêngan wong akèh.
grosok: wêdhi [x] kn. wêdhi kasar (kaworan krikil).
grothal-grathul: kn. gunêman (maca) ora lancar; kc. grathul.
growah: kn. 1 kalong akèh dening gêmpal lsp; 2 wis ora wutuh, tmr. grahana rêmbulan ut. srêngenge; 3 kapitunan gêdhe, up. goroh [x] (sing sapa goroh bakal kapitunan gêdhe).
(growak): [x]-an êngg. bolongan, krowakan.
growal: pating-[x], [x]-[x] kn. 1 kasar, pating crowal, ora rata; 2 kasar, kurang tata-krama.
growal-grawul: êngg. kn. sarwa ringkih.
growong: kn. 1 ing jêro nggronggong (bolong); 2 êngg. grahana srêngenge; [x]-an. gronggongan ing jêron wit (gunung).
gwaya: kn. guwaya.
gwan: kn. ênggon.
gwang: kw. ak. gung (gêdhe).
1. lèrèn-lèrèn.
2. lèrèn-lèrèn.
3. ngêhaki.
4. mênyanga.

5. kc.
6. nggujêg.
7. jingklak-jingklak.
8. pêpringkilan.
9. sing.
10. gumlèdhèg.
11. 7.
12. lima.

H

habib - harimong.
habib: (A) kn trahe Nabi Moehamad (wong Arab sing isih darah).
hade: kw. ak seje, kliru, mokal.
hadyan: kw bêndara; kc. rahadyan.
hajat: (A) kn kêndhuri; kc. kajat.
hajêng: kw rahayu, slamêt; kc. hayu, ajêng.
haji: (A) kn wong sing jiyarah mênyang Mêkah; kc. kaji.
hadha: kw ninggal, ngadêg.
hadhang: ka-[x] kw kêpalang, kapêpêtan, kacandhêt.
hak: I (A) kn wêwênang ndarbèni; kc. khak, kak. II (W) kn: canthelan.
hakekat: (A) kn kanyataan; kc. khakekat, kakekat.
hakim: (A) kn jaksa (babagan agama); kc. kakim, khakim.
hal: I (A) kn kaanan, prakara; kc. kal. II (W) kn: wêsi putih lêlêmbaran .
hala: (S) kw wluku.
halal: I kw kêsusu. II (A) kn: kêna linakonan, ora haram; kc. kalal.
halal-bahalal, halal-balal: (A) kn padha dene njaluk pangapura (salaman ut. ujung ing mangsa lêbaran).
halang: kw ar. gêgaman.
halat: (A) kn walat.
hale: kw. ak kliru, luput; kc. hade.
halêp: kw endah, bêcik.
haliman: (S) kw gajah.
haliwawar: (S) kw prahara.
ham: (W) kn daging babi asinan.
hamba: kw 1 batur; 2 aku; kc. amba.
hamham: kw mêsthi, yakin.
handhêl: (W) kn dagang.
handhêlar: (W) kn sudagar.
handhuk: (W) kn bngs. kacu dianggo ngêlap yèn adus lsp.
hangsa: (S) kw banyak gêdhe; cs. 7.
hara: kn sabawa ngêlokake.
haraka: I (S) kw kalung. II kw: 1 wohan, jambe; 2 pisuguh.
haram: (A) kn kharam, karam.
harana: (S) kw njupuk, nggawa.
harda: kw bangêt; kc. arda.
hari: I (S) kw singa. II kw: dina.

harimong: kw macan. (hari = singa; mong = macan).
--- 166 ---
harina - hwan.
harina: (S) kw kidang.
haruhara: kw bingung, gègèr; kc. ruhara.
harsa: (S) kw bungah, sênêng; kc. arsa.
harsaya: (S) kw bungah, sênêng; cs. 5.
harsuka: kw bungah.
hasil: (A) kn pamêtu; kc. asil, kasil.
hasita: mang-[x] kw ngguyu.
hasta (S) kw tangan, tlale; kc. asta.
hasti: (S) kw gajah; cs. 8.
hawa: I kn gas ngramyang kang mênuhi (nglimputi) jagat. II kn: karêping ati (marang piala); nguja [x]: nguja karêping ati. III ka-[x] kw: karusak.
hawa-nêpsu: kn dêrênging ati (marang piala).
hawan: kw dalan; ma-[x]: mlaku, nênunggang.
hawani: kw bumi.
hawêr: mang-[x] kw nangkis, nanggulang.
hawin: mang-[x] kw nggawa.
hèg, hèk: (W) kn pagêr (wêsi, kayu).
hèl: kw sayah, kêsêl, rêkasa.
hèlêp: (W) kn pambantu (carik pambantu).
hèm: (W) kn klambi rangkêpan.
hema: (S) kw êmas.
hèngsèl: (W) kn kupon ing lawang; kc. èngsèl.
hèr: I kw banyu; kc. èr. II ang-[x] kw: ngêntèni, lèrèn.
hèr-gêni: kw ar. intên (mirah).
hèr-tali: kw kali.
hèr-tambang: kw kali.
hètu: kw mula, jalaran, sêbab.
hêb: kw. ak aub, eyub; mang-[x]: ngeyub, ndhêlik.
hê-êh: pc iya.
hêlang: kw wulung.
hêm: kn sabawa nelakake gumun lsp.
hêni: kw wêdhi.
hêning: kw bêning.
hênu: kw dalan.
hêr, hir: pc menggok (ngabani sapi).
hêrêt: mang-[x] kw. ak nyangga, nduwa.
hêt: mang-[x] kw. ak ndhêlik.
hibêk: kw kêbak; kc. ibêk.
hidhêp: kw pangêrti, pikiran, gagasan.
hikayat: (A) kn crita.
hikmat: (A) kn kawicaksanan, iguh, kasêktèn; kc. kêmat.
huma: (S) kw salju, mêndhung; kc. ima.
himalaya: (S) kw gunung.

himawan: (S) kw gunung.
hina: (S) kw asor, nistha; kc. ina.
hinabudi: (S) kw budi asor, bodho.
hinayana: (S) kn ar. madab sêmpalan agama Buda.
hira: kw intên.
his: I pc alon-alon! (ngabani sapi, kêbo lsp). II kw: rêmbês; humis: rêmbês, mili.
hita: (S) kw. ak piguna, kabêcikan.
hiwag: kw. ak wadi; hiniwag: winadi, dhêdhêmitan.
Hyang: kw 1 dewa, sêsêbutaning dewa; 2 ([x] Suksma, [x] Widi) Allah.
hyas: ma-[x] kw macak, ngrêngga; pa-[x]: pêpaès, pacakan.
hyun: kw arêp, gêlêm; a-[x]: arêp; kc. yun.
hlam-hlam: kw bêcik, kc. lamlam.
hub: kw kc. hêb.
hukum: (A) kn 1 wêwaton, anggêr; 2 pangadilan, pancasan, pidana; kc. ukum, kukum.
hulu: kw 1 êndhas; 2 pangarêp; kc. ulu.
hulun: kw 1 batur; 2 aku; kc. ulun.
hum: I (A) kn umum, kaprah ing akèh. II kw. ak: rêmbug; ma -[x]: ngrêmbug.
hunur: kw gumuk.
hup: (W) kn lurah, kêpala; up. [x] upas, [x] mandhor.
hure: kn sabawane surak.
hurmat: (A) kn pangaji-aji; kc. urmat, kurmat.
huruf, hurup: (A) kn aksara (Arab).
hus: pc sabawane ngelikakake.
huse: (W) kn hure.
huti: (S) kw. ak kurban, sajèn; cs. 3.
Hutipati: (S) kw (ratuning kurban) Bathara Guru.
homa(n): (n) (S) kw sajèn, kurban; pahoman: sanggar palanggatan.
hop: pc mandhêg!
hos, hinosakên: kw disêngkakake, diêtog sarosane.
hospital: (W) kn papan kanggo mulasara wong lara.
hotèl: (W) kn omah panginêpan.
hoti: kc. huti.
hrada: (S) kw. ak blumbang, kali.
hrêdaya: (S) kw. ak ati.
hru: (S) kw panah; cs. 5.
hruk: mang-[x] kw. ak nêmpuh.
hwab: mang-[x] kw. ak angop.
hwan: ang-[x] kw. ak angon.

I

iba ~ ibêngan.
i: I jk 1 ing; 2 dening. II kn: sabawa saèm. e, up. i lah dalah!

iba: I (ut. [x]-[x], sa-[x]) kn mratelakake bakal luwih ut. bangêt ... yèn (manawa) ... up. [x] bungahe. II (S) kw. ak: gajah.
ibadah: (A) kn 1 ak. kawajibaning agama; 2 wêkêl tumêmên ênggone nglakoni agama.
ibah: (A) kn. ak pawèwèh.
ibakara: (S) kw. ak tlale.
ibarat: (A) kn pêpindhan ngêmu surasa piwulang lsp; di-[x]-ake: dipindhakake kaya dene.
ibat: êngg. kn nggumunake bangêt; kc. ebat.
ibêk: kw kêbak.
ibên: êngg. k idu.
ibêngan: êngg. k kubêng; kc. ubêngan.
--- 167 ---
ibêr ~ idhum.
ibêr: kn. ak abur; layang [x]-[x] ak: layang kiriman; [x]-[x]-an: sarupaning kewan kang bisa mabur (lmr. bngs. walang, kinjêng lsp); mibêr: mabur.
ibing: I êngg. ki idêp. II ng-[x] êngg. kn: njogèdi tlèdhèk.
iblis: (A) kn setan.
ibnu: (A) kn. ak anake lanang (kanggo ing jênêng).
ibu: k êmbok.
ibug: ora [x] êngg ora prêduli.
ibur: I êngg. kn abur, ibêr. II êngg. kn: orêg, rame bangêt.
ibut: êngg. kn sêngkud anggone tumandang kc. ribut.
ibra: (A) kn wurung, ora dadi tmr. prakara lsp; kc. ebra.
idab: (A) kn. ak gumun; kc. edab.
idah: (A) kn 1 wangênaning wêktu suwene 100 dina sabakdane pêgatan (tmr. wong wadon durung kêna omah-omah manèh); 2 nêtêpi wangênan kang kasêbut; wis (durung) [x]: wis (durung) tumêka ing wangênan 100 dina saka anggone pêgatan.
(idak, idêk): di-[x] êngg. kn dipidak.
idan: jk edan.
idêp: kn rambut ing pinggiring tlapukan.
idêp-idêp: kn ruji ing lawanganing icir.
idêr: kn nawak-nawakake dodolane mênyang ing êndi-êndi; midêr(-midêr): mubêng-mubêng mênyang ing êndi-êndi, ngumbara; di-[x]-i: 1 diubêngi; 2 ditêkani ing wong kang idêr dodolane; di-[x]-ake: digawa mubêng-mubêng ditawakake lsp; [x]-an: 1 br. wong ngumbara; 2 dodolan lsp. sing diidêrake; 3 (sa-[x]-an) saubêngan; 4 (layang [x]-an) layang sing diubêng-ubêngake (ulêm-ulêm, sèrkulèr lsp); 5 êngg. sawah darbèking desa kang panggarape digilirake (gênti-gêntèn).
idi, idin: (A) kn palilah saka panggêdhe; diidèni: dililani, diparêngake.
(idid): midid kn sumilir ajêg tmr. lakuning angin.
idu: I kn. kêcoh ki 1 banyuning cangkêm; 2 ngêtokake banyuning cangkêm; [x] bacin: idu ing wayah esuk bakda tangi turu; [x] gêni pr: apa sing dikandhakake mêsthi kêlakon (digugu lsp); [x] didilat manèh

pr: nyêlêd gunêm kang wis kawêtu; diidoni: diciprati lsp. ing idu; paidon kn. (pa-) kêcohan ki: wadhah idu. II kn: 1/8 bau.
idug-idug: êngg. kn sabawa mratelakake gumun lsp.
idulfitri: (-pitri, -pitir) (A) kn riyaya lêbaran.
idulkurban: (A) kn riyaya munggah kaji.
ijab: I ([x] kabul) (A) kn ningkahan (prajanjiane pangantèn ana ingarêpe pêngulu); di-[x]-ake: diningkahake. II êngg. kn: iba, ebat; ng-[x]-[x]-i: ngedab-edabi.
ijabah: (A) kn. ak diparêngake (kalêksanan panuwune); ng-[x]-i: nglêksanani.
ijèh, ijèk: pc. n isih.
ijèn: kn 1 (ut. [x]-[x]-an) dhewe (tanpa kanthi); 2 (ut. [x]-[x]-an, padha [x] mung lêlawanan wong loro (tmr. rêrêmbugan, kêrêngan lsp); 3 (ut. [x]-[x]) saka siji, dhewe-dhewe; 4 ak. ekan tmr. wilangan; di-[x]-i: 1 ditandangi dhewe; 2 ora ana sing nglamaki; kc. iji.
ijêm: k ijo.
ijêmak: (A) kn cocoging panêmune para ahli agama.
ijêp-ijêp: êngg. kn ruji lawanganing icir.
iji: kn katêranganing wilanganing barang-barang mratelakake salamba, up. têlung [x]; di-[x]-[x]: dietung saka siji.
ijig-ijig: êngg. kn dumadakan têka; kc. èjèg, ujug.
ijih, ijik: êngg. pc isih.
ijik: êngg. kn wisuh; kc. wijik.
ijir: êngg. kn ajar (ilap-ilapaning jêruk); di-[x]-(i) êngg. pc: 1 dijupuki (dipilah-pilah) saka sathithik; 2 (ut. di-[x]-[x] dietung kalawan titi.
ijlag-ijlig: êngg. kn bola-bali têka ut. lunga; kc. èjlèg.
ijmak: (A) kn cocoging panêmune para ahli agama.
ijo: n. ijêm k warna kaya dene warnaning godhong; di-[x]: 1 diêcèt lsp. ijo; 2 dituku ing sadurunge diênèni (diundhuh wohe); diijoni: diwènèhi êmpingan (dhuwit) minangka patukone pari lsp. (ing sadurunge diênèni); diijokake: diêdol ing sadurunge diênèni; kc. ijon.
ijoan: n. ijêman k 1 mung diucapake sarana lesan (ora katulis); 2 ak. surasaning layang; [x]-e êngg: têgêse, karêpe, lire.
ijod, ijot: êngg ijol.
ijol: ([x]-an, [x]-[x]-an) n. lintu {(le-) linton, linyonan} kliron barang darbe, panggawean lsp; di-[x]-i n. dipun-lintoni k: dilironi.
ijon, ijon-ijonan: êngg. kn 1 (ut. [x]-an) dol tinuku pari lsp. sing durung diênèni; 2 dhuwit pitukoning pari lsp. sing diijokake; kc. ijo.
ijrah: I êngg. kn petungan, wilangan; di-[x]: dietung; kc. ejrah. II (A) kn: pisah (lolose K.N.Moehamad saka ing Mêkah ing taun 622 dianggo wiwitaning petungan taun Islam).
(idham): ng-[x] kn adrêng kêpengin mangan wowohan lsp. (tmr. wong mêtêng ênom); ng-[x] kaworan(-kawuryan) br: katon mêtêng; [x]-[x]-an: apa-apa sing dipengini bangêt (ing wong mêtêng); 2 ent. pêpenginan, kang dijangka.
idhêm: (W) kn padha (karo kang wis kasêbut).

idhêp: 1 kw. ak pikiran, rasaning ati; 2 pc. wêruh, sumurup; 3 êngg. kw. mituhu, sungkêm marang; [x]-[x] êngg. dianggêp kaya dene, sumurup dadi ...; midhêp kw: 1 ak. wêruh, mangêrti; 2 êngg. sungkêm sarta bêkti marang; di-[x]-ake: 1 êngg. pc. diwêruhake (diwulang); 2 kw. dipurih sungkêm marang; kc. èdhêp, kèdhêp.
idhum: êngg. pc edhum.
--- 168 ---
(idhun) ~ ikut.
(idhun): di-[x]-ake êngg. pc diudhunake.
idhup: (M) êngg. pc urip.
(idhop): di-[x]-ake êngg. kn diurungake, diijolake; [x]-[x]-an êngg: urup-urupan, ijolan.
iga: kn balung wêwilahan sing minangka dadi raganganing dhadha; [x] landhung: iga sing dawa; [x] wêkas: iga cêndhak sing ora sumambung ing balung dhadha; ditlusur [x]-ne pc: digolèki kaluputane; [x]-[x]: sigaran pring minangka pikuwating gêdhèg, pagêr lsp.
igar: ut. [x]-an kn. ak ½ dhuwit.
igèh, igih, igik, igin: êngg isih.
igêl): ng-[x] kn 1 njêgrag sarta mbèbèr buntut tmr. mêrak; 2 ngukêl tangan tmr. njogèd.
igir-igir: êngg. kn gunung, gigiring gunung.
(igit): ng-[x]-[x] kn muring bangêt sarta ngincim-incim.
iguh: I êngg. kn 1 pratikêl, caraning panindak; 2 pintêr nindakake kang amurih tata, bêcik lsp; di-[x] (ake): ditindakake kanthi pratikêl kang amurih tata, bêcik lsp. II kw. ak: oyag, obah, mingêr.
igul-igul: êngg. pc katranganing mlaku saèm. megol-megol.
ih: pc sabawa nelakake kêbênêran, kêna lsp.
ihtiyar: (A) kn golèk srana (têtamba lsp); kc. sêtiyar.
iya: n. inggih k 1 kanggo wangsulan mratelakake yèn cocok, saguh, sanggêm lsp; 2 mratelakake nayogyani, ora malangi, up. yèn kowe gêlêm, [x] tandangana; 3 uga, uga kaya mêngkono; 4 mula pancèn; 5 ([x] ..., [x] ...) ak. padha bae karo; 6 ([x] yèn) mêngkono iku yèn; kaya [x]-[x]-a: kaya têmênan; diiyani: diwangsuli iya (disaguhi lsp); kc. ya.
iyab-iyaban: kn yab-yaban, byayakan.
iyah, iyak: pc sabawa mratelakake maido, ora cocog lsp.
iyak-iyakan: pc biyayakan.
iyan: kn saèm. tambir awangun pêsagi dianggo ngêlèr sêga kang diêngi.
iyane: êngg dhèwèke.
iyang: I pc sabawa nelakake maido, ora cocog lsp. II êngg: aku. III di-[x]-ake êngg. ak: dipasokake (tmr. pajêg, raja-pundhut lsp, ing padesan); kc. miyang.
iyasa: kn gawe; kc. yasa.
(iyat): ng-[x] kn mbukak kêrtu (mainan); [x]-an: kêrtu kang wis dibukak.
iyeka, iyèki, iyèku: kw ya iki, ya iku.

(iyèn): di-[x] êngg diwènèhi.
iyêg: ut. sa-[x] kn. ak golong pikir, sarujuk, sayuk; sa-[x]-[x]: akèh sarta abot bangêt; ng-[x]-[x]: katon abot bangêt.
(iyêk): di-[x]-[x] pc 1 diringkêl-ringkêl; 2 diêkul (disêwiyah) bangêt.
(iyêm): di-[x] êngg dianyêpake murih ora ngrapak tmr. têmbako lsp; kc. ayém.
(iyêng): ng-[x] êngg. kn tansah nangis ora mênêng-mênêng.
(iyik): di-[x]-[x] pc diiyêk-iyêk.
iyub: êngg. kn eyub.
(iyud): di-[x]-[x] kn saèm. dioyag-oyag (supaya mêntul, mêndat).
iyuh: êngg. kn iyah, iyak, iyang.
iyuk: êngg iyak, iyah.
(iyun): di-[x] kn dibandul; kc. yun.
iyung: I kn. ak nyingkiri pagawean, ora têtêp pamikire (gunême lsp); kc. eyung. II êngg: iyak, iyah.
(iyod): di-[x]([x]) kn diiyud-iyud.
(iyog): di-[x] kn dioyag-oyag supaya gogrog wohe lsp.
iyok: êngg. pc iya.
iyom: êngg. kn aub, ayom.
iyong: êngg iyung, iyah, iyak.
ika: kw. êngg. n. punika k panuduh marang barang kang adoh saka kang gunêman; ora ika iki êngg: 1 ora duwe apa-apa; 2 babar pisan ora duwe pangrêmbug kang nyulayani; kc. kae.
ikayat: (A) kn. ak crita, layang crita.
(ikal): di-[x] êngg. kn digulung diubêdake (tmr. tampar, bolah, lawe lsp); ng-[x] gada br: ngumbulake sarta ngobat-abitake gada; ng-[x] basa(-padu) br: ngubad-ubêdake têmbung amrih mênang padune; [x]-([x])an: piranti dianggo ngikal, apa-apa sing diikal.
ikan: êngg. kn iwak loh.
ikana: kw. ak ika, kae.
ikanang: kw. ak ika, kae (dianggo ing sangarêping têmbung).
ikang: kw. ak ika, kae; kc. ikanang.
ike: kw. iki, kiye.
ikêr-ikêr: kn. ak pinggiraning caping lsp.
ikêt: I kn. dhêsthar ki bngs. jarit awangun pêsagi dianggo nutupi êndhas (sarana katata); di-[x]-[x]-i (didhêsthari ki): diênggoni (ditrapi) ikêt; [x]-[x]-an (dhêstharan ki): 1 ngêtrapake ikêt; 2 nganggo ikêt. II di-[x] kw: 1 ditalèni; 2 dikarang, dianggit; [x]-aning ukara: pangrakiting ukara.
iki: n. punika k panuduh mratelakake barang kang cêdhak karo kang gunêman.
ikih: êngg. kn jêr, mula pancèn.
ikin: êngg isih.
iking: kw. ak iki, kiye (dianggo ing sangarêping têmbung).
iklas: (A) kn kanthi lêga lila têrusing batin; kc. eklas.
iklik: êngg. kn ora lèrèn-lèrèn ênggone tumandang ing gawe.
iklim: (A) kn. ak mangsa (kaananing hawa).

ikluk: êngg. kn tumungkul sarta tumêmên ênggone nggêgarap.
ikmat: I (A) kn. ak 1 kawicaksanan, reka; 2 daya kasêktèning tênung lsp; kc. khikmat, hikmat, kêmat, kikmat. II pc: nikmat.
iku: I n. punika k 1 panuduh mratelakake barang sing rada adoh saka kang gunêman; 2 sêsulih mratelakake prakara (apa-apa) sing mêntas kasêbut; 3 (ut. kang [x]) ak. kang mêngsono[1] iku marga saka aku; 4 kanggo nêrangake golongan, jinis lsp. kang umum (gumathok). II kw. ak: buntut, cs. 1.
ikut: I kn kulit pucuking palanangan.
--- 169 ---
II di-[x] êngg. kn: dijupuk, dikukuti, didhaku.
iko ~ ilu
iko: jk kuwi, kono.
ikral, ikrar: (A) kn katêrangan pêpancasaning prakara; kc. ekral.
ikram: (A) kn nindakake cukur, ora nganggo trumpah lsp. (anggêr-anggêre wong munggah kaji).
ikrik: pc kikrik.
iksamên: (W) kn pandadaraning kapintêran; di-[x]: didadar kapintêrane.
iksêtrah: (W) pc wuwuhan mirunggan (tmr. gambar sorot, tonil lsp).
iksu: (S) jk têbu.
iktidal: (A) kn ngadêg kang kawitan (sajroning salat).
iktiyar: (A) kn. ak golèk srana; kc. ihtiyar, sêtiyar.
ila: (-ila) kn 1 wêwarahe para lêluhur kuna sing kudu dièstokake (awujud pêpacuh, sarat, srana lsp); 2 supata, sot; 3 ([x] apa) kênaa ing supata (dianggo ngantêpake bênêre gunême).
(ilab): [x]-[x]-an kn 1 mawa lêlapisan; 2 ak. tumruntun urut-urutan ênggone têka (lunga).
iladuni: (A) kn (ngèlmu [x]) ngèlmu gaib babagan pêthèk sarta wêwêcan.
ilag-ilag: êngg. kn panulak (srana, donga).
ilahèng: kw. ak panyêbut marang dewa (pêpucuking sêmbahyang).
ila-ilu: kn. ak mung manut ing akèh (ora duwe kaantêpan); kc. èla-èlu.
(ilak): I [x]-[x] êngg. kn panulak (srana, donga). II ng-[x]-[x] êngg. kn: katon jêmbar bangêt sarta wrata (tmr. sawah, palêmahan lsp).
ilam: kn. ak balung gulu (athik-athikan kang gandhèng karo ula-ula).
ilang: n. ical k dadi ora ana (ora katon, ora maujud, sirna lsp); ng-[x]: musna, ora ngaton; di-[x]-i: dibusêk (dijupuk lap) supaya ilang; di-[x]-ake: 1 diilangi; 2 (ut. di-[x]-[x]-ake) dilalèk-lalèkake (digawe ilang saka ing pikiran, pangrasa lsp); 3 ora dikaton-katonake tmr. kabêcikaning wong liya lsp; 4 ora dipetung manèh (tmr. utang lsp), ora ditêbus (tmr. barang gadhèn lsp); [x]-[x]-an: 1 babagan barang ilang; 2 sênadyan ilang iya wis (ditekadake); jaman ka-[x]-an br: jaman akerat; pang-[x]-an: aji kang njalari bisa ngilang.
ilapat: (A) kn ngalamat bakal anane lêlakon (kawahnya mawentehan ut. ing impèn).

(ilar): I di-[x] (-i) êngg. kn 1 dibabadi (tmr. bêbondhotan, têtuwuhan lsp); 2 disirik, disingkiri; kc. milar. II di-[x]-i êngg. kn: digolèke; kc. ular. III ng-[x]-[x] êngg. kn: ngilak-ilak, gilar-gilar.
ilas-ilas: êngg. k ulas-ulas.
ilat: kn. lidhah ki daging ing cangkêm kang dianggo ngrasakake, ndilat lsp; mati [x]-e pc: ora bisa ngrasakake; dawa [x]-e pc: sênêng golèk alêm; [x]-[x] êngg: bngs. wot sing digawe pring; [x]-[x]-an: 1 têtironing ilat; 2 bngs. anggar dianggo nggawa kêris, pêdhang lsp; 3 ar. kewan sêgara sok dianggo masinan pêrkutut.
ilat baya: kn ar. têtuwuhan.
ile: êngg. kn kronehan, kakehan panjangka.
ilèn: I sawah [x](-[x]) êngg sawah sorotan (diêlêbi banyu saka ing kali); [x]-[x]: 1 ([x]-[x] saka) olèh banyu (ent. panguripan) saka: 2 êngg. kalenan, banyu sing mili: kc. kali. II [x]-[x], [x]-an kn. ak: pituwas minangka lêliruning apa-apa sing ilang; di-[x]-i ak: ditêmpuhi; kc. ili.
ilèr: kn ar. têtuwuhan godhonge kêna dianggo têtamba.
(ilêb): di- [x](i) kn. ak diêlêb(-i).
(ilêp): di-[x]-ake kn. ak disilêpake ing banyu.
ilêr: kn idu kang ndluwèr; ng-[x]: 1 mêtu ilêre; 2 plikêt sarta mulur tmr. panganan lsp. marga wis wayu; 3 pc. kêpengin bangêt.
(ilês): di-[x](-[x]) kn 1 diidak-idak mawali-wali (tmr. wasuhan, pari lsp); 2 br. ak. ditindhês, disiya-siya.
ilêt: êngg. k ili; kc. milêt.
ilham: (A) kn wisiking Allah.
ili: I kn lakuning banyu (barang cuwèr); diilèni êngg: diêlêbi (diparani lsp) ing banyu; diilèkake: diparakake mênyang (tmr. ilining banyu); kc. ilèn, kèli, mili. II ut. [x]-[x] kn: pituwas minangka lêliruning apa-apa sing ilang; diilèni: 1 ak. ditêmpuhi; 2 dituku sathithik (tmr. godhong, suruh, wowohan lsp. sing isih ana ing pomahan sarta kang pancène ora diêdol); kc. ilèn. III ng-[x] kn: ngungsi mênyang ing liya panggonan marga ana kacilakan banjir lsp; diilèkake: digawa ngili mênyang ing liya panggonan.
ilik: I kn wis êmoh sapa aruh; kc. elik. II di-[x]-[x] kn: diithik-ithik. III di-[x](-[x]) êngg. kn: ditiliki. IV di-[x]-ake êngg: dielikake, dipênging.
iling: I êngg. kn nisih, sumingkir; di-[x]: diêsokake alon-alonan (wadhahe diiringake); di-[x]-i: diêsoki (diisèni) sarana diiling. II di-[x]-[x]-i kn: didêlêng (ditamatake) kalawan sêtiti; kc. milang-miling, miling-miling.
ilir: I kn bngs. tepas pêsagi garane digapitake ing pinggir; di-[x]-i: dikêbuti nganggo ilir. II di-[x] êngg. kn: dipilihi (tmr. wolèn kang arêp dianggo wiji). III di-[x]-ake kn: dilakokake mêdhun (nurut ilining banyu); [x]-an êngg. kn: ilèn-ilèn; kc. milir.
ilis: nganggo [x] êngg drijine nganggo diadhangake ing lambening takêran (tmr. nakêr bêras, jagung lsp; kc. pilis.
ilmi: k. ak ilmu.
ilmu: (A) kn kawruh, sêsurupan; kc. ngèlmu.

ilu: I kn banyu plikêt kang ndlèwèr saka ing gudhig, congor lsp; mambu [x] pc: wis kapok (kanji). II [x]-[x], [x]-[x]-nên kn. ak: mung manut ombyaking akèh; diilokake n. dipun-tumutakên k. didhèrèkake ki: 1 dikon mèlu marang; 2 dikatutake (digamblokake) marang; 3 (ut. diilok-ilokake) diarani mèlu ngrewangi lsp; kc. ilon, kèlu, mèlu.
--- 170 ---
ilung ~ ina.
ilung: br. ak ilang.
ing ilo-ilo: II ng-[x] kn 1 ndêlêng wujude dhewe ana ing kaca lsp.; 2 ak. ilur êngg. kn: ilêr.
(ilo): I [x]-[x] êngg. kn papan ing wêwayanganing diyan (sing ora kêsorotan); ng-[x]-[x]; ana mandhêg namatake buku lsp; 3 nulad, nuladha; ora ng-[x] githoke pc: ora ngèlingi kaanane awake dhewe; kc. pangilon.
ilok: I (ut. [x]-[x]) êngg. kn kala-kala, kadhang kala; ora [x] êngg: ora tau. II êngg. ak: patut, pantês; [x] apa(-ne) êngg: dianggo apa; ora [x]: ora bêcik (dianggo ngelikake mênawa ana sing arêp nêrak gugon tuhon lsp). III (ut. [x]-an, [x]-e, [x]-ên, apa [x]) êngg: ora lumrah! (nelakake gumun, bangêt lsp). IV di- [x]-ake, di-[x]-i êngg: dielikake.
ilon: I kn 1 (ut. [x]-[x]-ên) gampang mèlu marang; 2 incon, rewang (tmr. dolanan); kc. ilu, mèlu. II [x]-[x] êngg. kn: 1 mèlu, 2 gênti tutburi; [x]-[x]-ên êngg: ngrewangi sasisih (tmr. wong padon lsp, ora adil).
ima: kw mêndhung; kc. hima.
imah-imah: êngg. k. pc omah-omah; kc. emah.
imalaya: kw 1 gunung; 2 mêndhung.
imam: (A) kn pangarêping wong sêmbahyang; di-[x]-i: dipangarêpi tmr. wong kang padha sêmbahyang.
iman: I (A) kn piandêl (babagan agama); di-[x]-ake êngg: dièstokake. II pc: eman. III pc: imam.
imantaka: kw. ak mêndhung.
imat: êngg. k 1 kumat; 2 umat.
imba: I ki alis. II kn: ar. têtuwuhan. III [x]-[x] êngg. kn: tumindak kaya dene; kc. emba, mimba.
imbal: kn rangkêp gêntenan panabuhe (saron lsp); [x] wacana ([x] pangandika) br: omong-omongan rêrêmbugan; di-[x]-ake br: ditundhakake (tmr. dhawuh lsp); [x]-an: 1 br. giliran, gênti-gêntèn; 2 êngg. k. opahan; kc. embal, timbal.
imbang: kw têmbing, pinggir, sisih; di-[x]-i: 1 disisihi, ditandhingi; 2 dikira-kira (dietung); [x]-[x]-an: 1 mèh padha (tandhing) karo, irib-iriban; 2 kira-kira, têksiran; kc. bang, timbang.
imbar: I êngg. k umbar. II ngurêbi (nyangga) [x] supatane br: wani (nêtêpi) supatane (sumpahe); di-[x] br: disumpah.
imbêt: I k imbuh. II dipun-[x] êngg. k diimbu.
imbir: kn. ak pinggir, têmbing, bambing; di-[x] ak: diirib-irib, ditiru sathithik; di-[x]-[x] ak: 1 disuda-suda saka sathithik; 2 diwèt-wèt.

(imbu): di-[x] kn 1 dimatêngake sarana disimpên (dikrukup ing uwuh lsp, tmr. wowohan lsp); 2 ent. disimpên, ora enggal dilairake tmr. prakara lsp; kc. imbon.
imbuh: i kw. wuwuh, mundhak, tur; 2 n. imbêt k. wuwuhan (tmr. barang sing dituku); 3 tanduk ki. wuwuh(-an) ing nalikane mangan; 4 (ut. [x]-[x]) êngg. ak. wuwuh-wuwuh, luwih-luwih; di-[x]-i: 1 diwuwuhi, dibangêtake, diundhaki; 2 (dipunimbêti k) diwènèhi imbuh tmr. têtuku; 3 (ditanduki ki) diwènèhi imbuh (ing nalikane mangan); [x]-[x]-an n. imbêt-imbêtan k: wuwuhan.
imboh: êngg. n. imbêt k imbuh.
imbon: kn wowohan (ent. prakara lsp) kang diimbu.
imêt: sa-[x] pc sathithik bangêt.
imigrasi: (W) kn boyongan (mênyang liya panggonan).
(iming): di-[x]-[x](-i) kn dipêpengin sarana dituduhi apa-apa sing menginake.
(imit): sa-[x] pc sathithik bangêt; di-[x]-[x]-ake: diiwit-iwit, digêmèni.
(imuk): di-[x](-[x]) ak. kn dirimuk, dibujuk.
imul: kn ora duwe isin (dhêmên njêjaluk lsp).
(imur): di-[x] kw dilêlipur, dirimuk, dirêrapu.
impang: êngg. kn mênang; kc. mimpang.
impèn: n. supêna k wêwujudan (lêlakon lsp) kang katon ing sajroning turu; [x]-an: kêrêp ngimpi; [x]-[x]-ên: tansah katon ing impèn (marga bangêt ênggone nggagas); kc. impi, kèmpi.
(impèn): di-[x] kw. ak diklumpukake; kc. impun.
impêng: êngg. kn wuluhan wêsi (dalan banyu lsp); kc. implêng.
impêr: kw. ak èmpêr.
impês: kn 1 plêmbungan wadhah uyuh (sacêdhake ginjêl); 2 wadhah lênga klêntik (kang digawe impês kêbo ut. sapi); 3 (ut. mimpês) kc: kêmpès, mari mlêmbung; 4 pc. suda (sah) utange; di-[x] ks: dipatèni.
(impi): ng-[x] n. supêna, nyupêna k wêruh lêlakon ut. rumasa ngalami lêlakon ing sajroning turu; di-[x]-[x] kn: diangên-angên bangêt, diarêp-arêp bangêt; diimpèkake: katon ing sajroning ngimpi; kc. impèn, kèmpi.
implêng: êngg. kn 1 wuluhan (blombongan) dalan banyu; 2 pangarêping pakaryan irigasi ing padesan; 3 (rondha [x]) rondha dhêdhêmitan (arêp ndingkik); di-[x]: 1 diinjên, didingkik; 2 pc. diicêng, ditamatake sasolah tingkahe.
impling: kn wadhah candu kang digawe timah.
impu: kn bngs. kêlud dianggo nglumpukake kêcêran bêras lsp; di-[x]: 1 ak. diklumpukake tmr. keceran bêras lsp; 2 br. diklumpukake (tmr. kapintêran, kawruh lsp).
impun: I kn ar. iwak sêgara bngs. calo. II di-[x](-i) kw: diklumpukake (tmr. kawruh, sêsurupan lsp).
impur: kn 1 nyêkèkèh dhêngkule mlêbu (tmr. sikil, mlaku); 2 jogèd gagah nanging cêndhèk ênggone njunjung sikil.

ina: I kw. nistha, asor; 2 kn. ak. cacad (tmr. badan); 3 kw. picak; 4 ak. weya, kurang ngati-ati; di-[x]: disêpèlèkake (dipêsthèkake yèn mêsthi ora bisa); kc. kainan.
--- 171 ---
ina-budi ~ intha-intha.
ina-budi: kw bodho.
inah: kn 1 wangênaning wêktu (kanggo ngrêmbug lsp); 2 pc. sêmaya; di-[x]-i(-ake): diwènèhi inah, disumênèkake.
inak: jk enak.
inak-inuk: pc enak-enakan.
inalailah, inalilah: (A) êngg. pc sabawa nelakake kagèt sêmu gumun dening krungu kabar patining sêdulur lsp.
inaloka: kw (padununganing) wong ala.
(indêl): di-[x] êngg. kn 1 digodhog (tmr. wedang); 2 dikênthêlake sarana diênêbake; di-[x]-ake ak: ditogake bae; kc. kèndêl, mèndêl.
indêng: sa-[x]-ing jagat br salumahing jagat (ingêndi-êndi); di-[x]-ake ak: dilêstarèkake, dilanggêngake; kc. mindêng, pindêng.
inding: ks cawêt pawadonan (nalikane nggarap-banyu).
indu: (S) kw. ak rêmbulan.
indung: kw. ak biyung.
indupati: (S) kw rêmbulan.
indrak: êngg. kn lara gomên (cangkême).
indriya: (S) kw ati, karêp; cs. 5.
(injêk): di-[x] kw diidak.
injên: I êngg. kn indhên. II di-[x] kn: didêlêng saka ing bolongan; [x]-[x]-an 1 tontonan awujud gambar kadokok ing kothak (grobogan) yèn nonton srana diinjên; 2 ar. têtuwuhan.
injênên: êngg. kn saèm. wudunên ing êndhas.
(injêng): di-[x] êngg. kn diinjên.
injêt: êngg. kn jur-juran gamping; kc. apu, ênjêt.
(injik): ng-[x] êngg. pc tilik, ngungak.
injil: (A) kn kitab suci (Kristên).
injit: êngg. pc bisa.
injuh, injoh: êngg. pc bisa.
indha: kn. ak endha.
indha-indha: êngg. kn mindha-mindha, rewa-rewa; kc. endha.
indhak: k undhak.
indhang: êngg. kn tilik marang (mêdhayoh); di-[x]-i: ditiliki, diklilingi; kc. endhang.
indhêkos: (W) kn mondhok mbayar sewan lan pangan; di-[x]-ake: dipondhokake (tmr. bocah sêkolah lsp).
indhên: kn ancêr garaning rodha.
(indhik): di-[x], di-[x]-[x]-i kn diparani alon-alonan (arêp dicêkêl, didêkêp lsp); kc. mindhik.
indhing: ks cawêting pawadonan (nalika nggarap-banyu).
(indhit): di-[x] kn digawa kadèkèk ing bangkekan (tmr. klênthing lsp).

indhung: kn. ak wong kang nunut manggon ing desa (ora duwe wêwênang bab palêmahan); ng-[x]: manggon ana ing pomahaning liyan; ng-[x] tèmpèl êngg: nunut manggon ing pomahaning liyan; ng-[x] cangkok êngg: manggon ing pomahaning liyan kanthi wêwênang mungguhing pomahan kang diênggoni mau; pang-[x]: wong kang ngindhung. II di-[x] êngg. kn: didhayohi; kc. endhang, endhong.
inêb: ut. [x]-[x]-an kn tutup (ing lawang ut. cêndhela); di-[x](-ake) êngg: ditutup (lawang, cêndhela lsp); kc. minêb.
(inêp): ng-[x] n. nyipêng k. nyare ki turu ana ing omah ut. panggonan liya (ing sajroning lêlungan); di-[x]-ake: 1 disarèkake sawêngi ut. luwih (tmr. layon lsp); 2 ak. dikon nginêp ana ing.
inis: êngg. kn isis; kc. ninis.
(inum): di-[x] kw. (êngg. k) diombe; di-[x]-i êngg: diombèni (arak lsp); [x]--an êngg: ombèn-ombèn sing mêndêmi; kc. minum.
insa'allah: (A) kn yèn Gusti Allah marêngake.
insap: (A) kn. ak 1 kaadilan, pantês; 2 pc. mangêrti têmênan.
insêpèksi: (W) kn pêpriksan (pamulangan lsp); di-[x]: dipriksa (pamulangan lsp(.
insêpèktur: (W) kn juru mriksa (pamulangan lsp).
insinyir, insinyur: (W) kn wong kang ahli babagan yêyasan, pamêlikan lsp.
insingir: (W) kn wong kang ahli babagan yêyasan, pamêlikan lsp.
intar: kw muluk (kawruhe lsp); kc. entar, mentar.
(inte): di-[x] kw diinjên, ditamatake, diintip.
intèrlokal: (W) kn sajabaning wêwêngkon (tmr. têlepun).
intèrnasional: (W) kn (sêsambungan, gêgayutan lsp) nêgara-nêgara ing salumahing jagat.
intên: kn watu pêlikan kang aji bangêt wujude kaya kaca sumorot.
intêr: I êngg. pcbisa; kc. pintêr. II di-[x]-i kn: dirêsiki sarana didokok ing tampah lsp, banjur diubêngake lan dikêtog-kêtogake tmr. bêras lsp.
(inting): di-[x]-[x] êngg. kn ditantang, diincim-incim.
intip: I kn gosongan sêga lsp. ing dhasaring kêndhil lsp; ng-[x]: ana (mêtu) intipe. II di-[x] kn: didingkik; kc. mintip.
(intir): di-[x]-[x], di-[x]-ake kn diajêgake urupe (sarana diêlongi urub-urube); di-[x]-i ak: diwènèhi sathithik-sathithik (nanging lumintu); ng-[x]-[x] êngg. kn: krasa ngêlih bangêt; kc. kèntir, mintir.
intrèsan: êngg. kn dhuwit minangka manjêr kawènèhake marang wong kang duwe sawah (saka wong kang bakal nggarap); kc. èntrès.
incak, incêk): di-[x]-[x] kn 1 ak. ditintingi, diintêri manèh; 2 êngg. diidak-idak.
incat: êngg. k oncat.
(incêng): di-[x] kn 1 dipandêng ditamatake saka kadohan; 2 disipat, diênêr, di-[x]-ake: diênêrake marang.
incêr: kn. ak bngs. indhên cilik (ing rodha jam lsp); di-[x]: 1 dipandêng, dimelik bangêt; 2 diincêng.

(incih): di-[x] kn 1 dimelik bangêt, diudi bangêt bisaa olèh (ndarbèni); 2 ak. diincim-incim bangêt.
(incim): di-[x]-[x] kn samangsa kêtêmu bakal dipilara (disrêngêni lsp); [x]-[x]-an: padha dene ngincim-incim; kc. ancam.
(incip): di-[x]-i êngg diicipi.
(incup): di-[x] êngg. kn dicêkêl sarana kajapit ing jêmpol karo driji; kc. êncup, kincup.
(incrit): di-[x]-[x] kn diwènèhake (dijupuki) saka sathithik.
intha-intha: êngg. kn kaya dene; kc. entha.
--- 172 ---
inthar ~ (inglêp).
inthar: ut. ng-[x] êngg. kn mlayu rikat (marga wêdi lsp).
inthil: I kn 1 tlethong wêdhus; 2 ar. panganan. II di-[x](-i) êngg. pc: dikinthil(-i).
inthilan: êngg. kn pajêg wuwuhan (mirunggan); kc. kinthil.
(inthit): di-[x]-[x] êngg. pc diwènèhake (dijupuki) saka sathithik; kc. incrit.
inthuk: kn. ak gamêl, wong asor; kc. minthuk.
inya: kn batur kang gawene nusoni.
(inyak, inyêk): di-[x]-[x] êngg. kn diidak-idak.
inyong: êngg aku, -ku.
ing: kn 1 ancêr-ancêr nelakake dunung, up. ana [x] kana; 2 nelakake ana sajroning wêktu (mangsa), up. [x] taun 1938; 3 mungguh, tumrap, marang, dening; 4 kanggo panambang nunggal têgês karo -e (-ipun).
(ingah): dipun-[x] k diingu; kc. ingu.
ingah-ingih: êngg. kn katon mêmêlas dening kêmlaratan lsp.
(ingak): dipun-[x] êngg. k diungak.
ingak-ingik: kn. ak kêrêp nangis (tmr. bayi).
ingak-inguk: kn ndêdêlêng kang ana ing jêro (omah, sumur lsp); kc. inguk, ungak.
ingan: I kn ikalan lawe (ing pangantihan). II kw: watês, wangên; tanpa [x]: tanpa watês (keluwih-luwih).
ingar-ingêr: (-an) kn 1 owah-owah ênêre (arêpe) sarana diingsat-ingsêt (diubang-ubêngake); 2 gonta-ganti (omah, pagawean lsp); kc. ingêr, mingêr.
ingas: kn ar. wit (dhadhake mawa racun).
ingêbèhi: kn ar. sêsêbutaning priyayi têngahan; kc. ngabèhi.
(ingêl): di-[x]-[x] kn diêngkuk-êngkuk sarta diungsêb-ungsêbake.
ingêr: kn owahing adhêp (ênêr); wêruh ubêng [x]-ing jagat br: mangêrti marang kaanan obah owahing lêlakon ing donya; di-[x](-ake): 1 (kêrise-) kêrise diingsêt saka ing gêgêr mênyang ing bangkekan; 2 diubêngake (diowahi) ênêre; 3 diputêr (tmr. rêmbug, prakara lsp); di-[x]-i: 1 (-gadhène) gadhène diêlih mênyang pagadhean liya (supaya luwih akèh olèhe dhuwit); 2 ak. diselaki, ora diakoni; kc. kèngêr, mingêr.
ingêt: êngg. kn eling; di-[x]-i (êngg) di-[x]-ake: didêlêng kanthi ditamatake; kc. èngêt.

ingga: êngg. kn nganti, kongsi; inggane êngg: ing saupama; kc. engga, saengga.
inggah: I k unggah. II di-[x]-ake pc: disinggahake.
inggal: êngg. kn enggal.
inggar: kw. ak linggar, enggar.
(inggat): di-[x]-i kn dioncati, dilungani (supaya aja kêna, kêtaman lsp); di-[x]-ake: digawa minggat; ([x]-[x]-an: 1 wong lsp. sing minggat; 2 kêrêp minggat; kc. minggat.
(inggêng):di-[x] êngg. kn diinjên.
inggih: k iya; [x] ora kêpanggih pc: saguh nanging ora tau nuhoni.
inggil k: dhuwur.
inggita: (S) kw. ak solah tingkah, kêlakuan.
inggu: kn ar. têtuwuhan sing ngêtokake blêndok ambune ora enak (sok dianggo tamba watuk lsp).
inggung: kw. ak gonjing, oyag.
ingi: dhèk [x] êngg. pc dhèk wingi.
ingih-ingih:êngg. kn katon mêmêlas dening kêmlaratan lsp.
(ingip): di-[x](-[x])-i kn 1 dituduhi pucuke sathithik; 2 ent. dirungoni (diwèhi wêruh) sathithik; di-[x](-[x])-ake: dicungulake pucuke sathithik; kc. mingip.
ingiring: br diiring.
(ingis): di-[x]-[x] êngg. kn diiwi-iwi, dicêcampahi murih nêpsu; di-[x]-ake br: dikatonake; kc. êngis, kengis, mingis.
ingkang: 1 k. sing, kang; 2 k. lêlirune-mu, -e, up. [x] putra; 3 kanggo panyilah kang gumathok, up. [x] bupati.
Ingkang Sinuhun: kn sêsêbutane panjênênganing nata ing Surakarta lan Ngayogyakarta.
Ingkang Wicaksana: kn. sêsêbutane Gupêrnur Jendral tuwin Kangjêng Susuhunan ing Surakarta.
ingkar: (A) kn. ak selak, ora nuhoni.
(ingkêd): di-[x]-i kn. ak disingkiri, diselaki, ora ditêtêpi (kasaguhan lsp); kc. mingkêd.
(ingkêl): di-[x]-[x] kn. ak diringkêl-ringkêl, diingêl-ingêl.
(ingkêm): di-[x]-i kn 1 dilêbokake ing cangkêm banjur dirapêti; 2 ak. diugêmi (kasaguhan lsp); 3 dianggêp darbèke dhewe (barang titipan lsp); di-[x]-ake: ditutup (ditangkêpake) tmr. cangkêm lsp; kc. mingkêm.
ingkêng: pc ingkang.
ingklag-ingklig: êngg. kn bola-bali têka (lunga).
ingkling: êngg. kn kêbayan; [x]-[x] êngg: kêrêp têka (lunga); di-[x] êngg: 1 dipanggul (bocah cilik); 2 (ut. di-[x]-[x] bola-bali digawa lunga (têka); 3 (ut. di-[x]-[x]) digêgasah supaya padha padu (kêrêngan).
(ingkud): di-[x] kn 1 êngg. diciyutake; 2 diringkês (ênggone mbuntêli lsp); 3 ak. dibèki (tmr. buruhan, pomahaning liyan lsp).
ingkug-ingkug: pc rêkasa ênggone mlaku (marga kêlêmon).
ingkul: êngg. kn mlaku rikat (tumungkul).

ingkung: kn ak. tali dianggo nlikung; 2 pitik diolah wutuhan ditalèni gulu lan sikile.
(ingkup): di-[x]-ake kn ditutup ditangkêbake (ditlakupake) kb. diêgarake; kc. mingkup.
(ingkus): di-[x]-i kn. ak rada diingkupake (tmr. payung); di-[x]-ake ak: diciyutake (tmr. dhadha); kc. mingkus.
(ingkrang): di-[x]-ake kn dislonjorake lan ditumpangake ing kursi lsp (wong linggih).
(ingkrik): di-[x]-[x]-ake pc dilêlithing (bocah cilik).
(inglar): di-[x]-i kn. ak 1 disingkiri; 2 diselaki (pandakwa lsp); kc. minglar, singlar.
(inglêp): di-[x]-ake kn. ak didudut mlêbu; kc. minglêp.
--- 173 ---
(ingu) ~ iris.
(ingu): di-[x] n. dipuningah k diopèni sarta dipiyara lêstarine (tmr. kewan lsp. ent. rambut, brêngos, batur lsp); diingoni (dipuningahi k. ak): diwènèhi pangan (ing nalikane sambatan lsp); kc. ingon.
(inguk): di-[x] kn diungak, didêlêng sêdhela (saka ing dhuwur mêngisor); kc. anguk.
ingon: I ut. [s]-[x] n. (ingah-)ingahan k kewan kang diingu; 2 kn. pangan kang dianggo ngingoni; dadi [x]: kudu dirêmbug pangane (marga wis tuwa lsp); kc. ingu.
ingong: kw aku, -ku.
ingsar-ingsêr: kn ngolah-ngalih ênggone diingsêt); kc. ingsêr.
(ingsêd): di-[x] kn diêlih sathithik (sarana diingêr); kc. mingsêd.
(ingsêp): di-[x] kn. ak disêrot; kc. isêp.
(ingsêr): di-[x] kn diêlih mênyang panggonan liya; [x]-[x]-an: alih-alihan (panggonan, pangkat lsp); kc. mingsêr.
(ingslêp): di-[x]-ake kn didudut mlêbu; kc. mingslêp.
ingsun: kw aku, -ku.
ingwang: kw aku, -ku.
ipah: I êngg. k opah. II kn: parudan krambil kang dianggo nyampuri lêgèn sing digodhog supaya ora mbludag.
(ipak): ng-[x]-[x] kw. ak lembak-lembak, kambang-kambang.
ipat-ipat: kn 1 supata; 2 pêpacuh kinanthèn supata; di-[x]-[x]-i: disupatani.
ipe: kn sêduluring bojo.
ipêl-ipêl: kn cêndhèk alêmu (tmr. dêdêg-piadêg).
ipêng-ipêng: êngg. kn urung-urung dalan banyu; kc. implêng.
ipêt: sa-[x] pc sathithik bangêt.
ipil-ipil: êngg. kn kêklumpuk saka sathithik.
ipit: sa-[x] pc sathithik.
iplik: -(iplik) kn mlaku rikat jangkahe ciyut.
(ipuk): I [x]-[x] êngg. kn bakul dodol barang rosokan lsp; di-[x]: 1 êngg. diklumpukake diunthuk-unthuk, diurug; 2 didhêdhêr ing pawinihan tmr. wiji; (pang-)[x]-an: papan kang dianggo ngipuk. II di-[x] kn: dirimuk, dibujuk.

'-ipun: k -e.
iprik-iprik: êngg. kn kêklumpuk golèk kayu lsp.
ir, hir, hêr: kn menggok! (ngabani sapi, kêbo).
'-ira: kw 1 -e, -ne; 2 -mu; kc. sira..
(ira): di-[x]-[x] êngg. kn dikira-kira.
iradat: (A) kn karêp; kc. wiradat.
irah-irahan: kn. ak 1 iwak paprincèning êndhas (ilat, utak lsp); 2 pêprincèn (perangan) kang ngarêp (dhuwur); 3 pêpucuk bêbukaning layang; 4 bab ing karangan; kc. sirah.
irama: kn wirama.
irang: kw. ak wirang.
iras: ut. [x]-an kn (kang pancène rong perangan) didadèkake siji, up. ganja [x]; di-[x]: 1 ak. ditigas, ditugêl; 2 ditindakake (dilakoni) bêbarêngan; 3 ak. dilakoni dadi bêkêl lsp. dhewe (tmr. lurah tabon ênggone ngurus lungguhe); 4 têrus dipangan ana ing warung (tmr. jajan), dipangan (diombe) têrusan saka ing wadhahe (ora nganggo dicidhuk, disendhok lsp); kc. kerasan.
(irat): di-[x](-i) kn disigari, didadèkake wilahan tipis-tipis (tmr. pênjalin, pring lsp); ([x]-)[x]-an: wilahan pring (pênjalin tipis-tipis.
irawan: kw. ak mêndhung, mega.
irèh-irèh: êngg. kn alon-alonan, kanthi ngati-ati; kc. irih, lirih.
'-ireka, -irèki, -irèku: kw -e, -ne.
irèn: kn 1 padha dene akon nandangi (suthik kangelan); 2 ak. jail, sênêng maoni; 3 ak. mèri; kc. iri, kêmèrèn, mèri.
irêng: n. cêmêng k warna kaya dene warnaning arêng; di-[x]: dicèt lsp. irêng; di-[x](-i, -ake): dibangêtake irênge; [x]-an n. cêmêngan k: 1 ak. sawah lsp; kang durung ditanduri (salêbaring panèn); 2 êngg. sawah darbèking desa (duwèke wong akèh); 3 êngg. jarit sing arêp disêmbuh.
irêng-irêng: êngg. kn nyambut gawe gugur gunung (kêlanture têmbung hêrêndiênst).
irêng njangês: (-ganclêng, -thunthêng) irêng bangêt.
(iri): di-[x](-[x]) kn dikon nandangi pagawean lsp; kc. irèn, mèri.
(irib): sa-[x] kn mèmpêr karo; ng-[x]-i: ngèmpêri kaya; angon [x]-an: angon ulate (atèn-atène) wong kang arêp diajak rêmbugan (dijaluki lsp).
(irid): di-[x] kn 1 ak. digèrèd karo mlaku; 2 diêtêrake mênyang ing (sowan panggêdhe lsp, sing diêtêrake lumaku ana ing buri); [x]-[x]-an: mlaku urut-urutan wong akèh.
irig: kn bngs. kalo gêdhe (sok dianggo nyaring wêdhi, golèk iwak lsp); di-[x]: disaring nganggo irig, diwisaya nganggo irig (tmr. iwak loh).
(irih): [x]-[x] êngg. kn alon-alonan, kanthi ngati-ati; di-[x]-[x](-i) br: dirimuk (dikon) kalawan alus; kc. lirih.
(irik): di-[x]-[x]-i pc didhèdhèki (diêsiri arêp diêpèk lsp); kc. èrèk, lirik.
irim-irim: kn 1 ar. têtuwuhan; 2 ar. gêndhing.
iring: I kn 1 (ut. [x]-an) sisih kiwa ut. têngên; 2 ak. ukuran jêmbaring palêhaman (¼ bau); di-[x]-ake: ora dilumahake; kc. kêpering, miring.

II [x]-[x](-an) kn. didhèrèk(-ake) ki: mlaku diêtêrake (ditutake, tmr. priyayi, pangantèn lsp) pang-[x]: 1 wong kang ngiring; 2 barang-barang gêgawaning pangantèn.
iringan: I kn sisih kiwa ut. têngên; ing [x](-e): 1 ing sisih kiwa ut. têngên (sakiwa-têngêne); 2 sacêdhake; kc. iring. II êngg. kn: irêngan (palêmahan kang durung ditanduri sabakdane panèn).
irir: kw. ak ilir.
iris: ut. [x]-an kn kêthokan (ilap-ilapan) roti, iwak lsp; di-[x](-i): dikêthok (ditatas lsp) nganggo lading lsp.
--- 174 ---
irit ~ (icak).
irit: kn ora boros, ora akèh êntèke; di-[x](-[x]): digêmèni ênggone nganggo dhuwite lsp; [x]-an: olèh-olèhane ngirit; pang-[x]-an: tindak nggêmèni wêtuning dhuwit lsp.
irit-iritan: êngg. kn mlaku urut-urutan (êlur); kc. irid.
irung: kn. grana ki peranganing rai kang dadi pirantining pangambu; anggêr [x] pc. ks: anggêr wong, sok wonga.
(irup): di-[x](-i) kn 1 êngg. dikumpulake sarta dikuwasani (diajak ngraman lsp); 2 êngg. diwisaya (iwak ing rumpon).
irus: kn cidhuk jangan lsp. kang digawe bathok digarani; ora mambu enthong [x] pc: dudu sanak babar pisan.
irsaya, irsya: (S) kw. ak drêngki, mèri.
isa: I pc: bisa. II (A) kn (wayah [x]) wayah sêmbahyang sore jam 7.30; kc. ngisa.
(isab): ng-[x]-[x]-i kn ngisin-isini; di-[x]-[x]-ake: diwirangake, diisinake.
(isah): [x]-[x] êngg. kn asah-asah; di-[x]-i êngg: diasahi.
isan: I êngg. kn sisan, pisan. II êngg. kn: wis rampung ing gawe; kc. wisan.
isarah: êngg. kn ngalamat, tandha.
isarat: (A) kn 1 sarat, srana; 2 ak. sasmita, ngalamat.
isbat: (A) kn ibarat pêpindhan ing ngèlmu gaib; di-[x]-ake: diibaratake, dipindhakake kaya.
isèh, isèk: êngg isih.
isèn: kn 1 apa-apa kang dianggo ngisèni; 2 apa-apa sing wis diisèni; [x]-[x] omah: barang-barang sajroning omah; kc. isi.
isêl: êngg. kn akèh daginge.
isêng-isêng: êngg. kn prakara sing anèh-anèh.
(isêp): di-[x] kn 1 disêrot lan disêsêp (madu lsp); 2 br. dicucup, diambung; 3 br. dicêcêp (tmr. ngèlmu lsp); di-[x]-[x]: dilari sarana dirungok-rungokake pawartane lsp.
isi: kn 1 kang ana ing sajroning barang (uga dianggo têmbung ent.); 2 wiji (ing sajroning wowohan); 3 kang dilêbokake ing (bêdhil lsp); 4 jasad kang dicampur (tmr. barang campuran); 5 ora kothong; 6 wis ana patrune (tmr. bêdhil); 7 wis duwe ngèlmu (aji), wis diwêling ing sadurunge; di-[x] (êngg) diisèni: dilêboni (didokoki lsp) isi; diisèn-isèni ak: digêgasah murih pasulayan; kc. isèn.

isih: n. taksih k 1 ana turahane (ora kalong, ora êntèk, turah); 2 durung uwis; 3 êngg. pc. lagi tumandang ing gawe; 4 luwih, ngluwihi, up. sadawa-dawane lurung [x] dawa gurung; di-[x]-ake: dilêstarèkake (ora diêlongi ut. diilangi), diturahake.
isik: I êngg. pc isih. II di-[x]-[x] kn: diêlus-êlus alon (bocah cilik karêbèn turu).
isika: (S) kw. ak pring, glagah.
isim: (A) kn. ak têtêmbungan Arab kang ditulis dianggo sarat nulak lêlara lsp.
isin: n. lingsêm k rasa (rumangsa) rikuh ut. wirang; [x] ora isi pc: sing sapa isin ora bakal olèh-olèhan; di-[x]-[x]: dipoyoki (dening duwe cacad, mlarat lsp); di-[x]-[x]-ake: digawe isin; [x]-an: gampang isin, ora saèn.
(ising): ng-[x] n. wawratan k. bobotan ki ngêtokake sêsukêr; [x]-[x]-ên kn: lara kêrêp ngising.
isis: kn 1 krasa kêpenak badane (dening kêsiliran angin); 2 ora sumuk, ora bunêg; (ng-[x] siyung) br. ngatonake siyunge; 3 br. êntèk bubar tmr. wadya-bala; di-[x](-i): diwêtokake supaya kanginan (ora njamur, tmr. sandhangan lsp); kc. kèsisan.
isit: êngg. pc bisa.
Islam: (A) kn (atêgês sumarah) ar. agama yasane K.N. Mohamad; di-[x]-ake: 1 didadèkake Islam; 2 ditêtakake, disunati.
ismu, èsmu: (A) kn. ak têtêmbungan Arab kang tinulis (dianggo sarat têtulak); kc. isim.
Isnèn: (A) kn. ak Sênèn.
isu: (S) kw. ak panah.
isuh: êngg. kn wisuh.
isuk: êngg esuk.
isun: êngg. kn aku, -ku.
iso: kn iwak usus (raja-kaya).
isoh: êngg. kn wisuh.
isor: ing [x] n. ingandhap k kb. ing dhuwur; kc. ngisor, sor.
istijab: (A) kn 1 ak. kasêmbadan panuwune (ênggone ndêdonga); 2 ndayani, mandi tmr. tamba, pamuji lsp.
istijrat, istidrat: (A) kn pangeram-eram gaweane wong kapir.
istiyar: (A) kn golèk sarana; kc. sêtiyar.
istika: salat [x] (A) kn. ak bêbarêngan salat nyuwun udan.
istilah: (A) kn. ak solah tingkah (cara, lêlakon); kc. sêtilah.
istingarah: (istingangkah êngg. kn) kn. ak prasasat mèh, kêna diarani (ditêtêpake, dipêsthèkake) yèn ...
istipar, istigpar: (A) kn. ak (maca [x]) ngucapake donga nyuwun ngapura (pitulungan).
istha: kw èmpêr, pêpêthan; di-[x]: dipêtha kaya, dièmpêrake karo; kc. èstha.
isthika: jk upama, èmpêr.
isthi: kw tujuning karêp, sêdya; kc. èsthi.
isthika: kw. ak isthi.

iswara: (S) kw. ak ratu, bêndara.
ita: (S) kw. ak pêrlu, bêcik.
ita-itu: êngg. pc ribut mloka-mlaku.
itêk-itêk: kw. ak blêthok, lêlêthêk.
itêm: (M) êngg. pc irêng.
iti: (S) kw. ak 1 mêngkono, kaya kang kasêbut; 2 titi tamat.
itihasa: (S) kw. ak crita.
itik: I ki tuma. II di-[x]-[x] kn: digula-wênthah lan dipiyara wiwit cilik. III [x]-[x], [x]-an, mata-[x] kn: bolonganing bênik; di-[x]-[x]-i: ditrapi bolongan bênik.
itil: n. klêntit k. prana ki daging nyênil ing pawadonan.
(itip): di-[x] kn. ak diintip.
itung: êngg. kn etung.
ica: 1 jk pangarêp-arêp, bungah, ayêm; 2 kw. enak; kc. eca.
(icak, icêk): di-[x]-[x] êngg. kn diidak-idak.
--- 175 ---
ical ~ yak-yakan.
ical: k ilang.
ici: êngg. kn kêthip; kc. ece.
(icik): di-[x]-[x] pc diunèkake crik-crik (dhuwit); kc. micik.
icik-iwir: êngg. kn dhuwit kang dianggo blanja padinan.
(icip): [x]-[x] kn pacoban dianggo nyumurupi rasane (panganan, olah-olahan); di-[x]-i kn. dikêdhapi ki: dicoba dirasakake.
icir: I kn bngs. wuwu dawa. II di-[x]-[x] êngg. pc: 1 diwêtokake (diwènèhake) saka sathithik; 2 diècèr-ècèr.
icis: êngg. kn isis.
(icuk): di-[x]-[x] kn dirêrimuk supaya gêlêm nglakoni kang ora bêcik.
icul: êngg. pc ucul.
(icrit): di-[x]-[x] pc diincrit-incrit.
itha-ithu: êngg. pc ribut mlaku (wira-wiri).
ithak-ithik: pc bola-bali têka (lunga).
ithak-ithuk: pc ribut mlaku (wira-wiri).
ithar-ithir: pc nggêgawa apa-apa saka sathithik (ora babar pisan).
ithêng: kn katon irêng bangêt (abang irêng tmr. wowohan lsp).
ithês: êngg. kn ithêng.
ithik: I sathithik rong [x] n. sakêdhik kalih kêdhik k sênadyan sathithik, sathithik-sathithik mêksa ...; [x]-[x] ... pc: mung marga prakara sapele bae wis ... II di-[x]-[x] kn. diunyêr-unyêr nganggo driji supaya kêri.
(ithing): di-[x]-[x] pc diêthing-êthing, dilêlithing.
ithu: kn sarwa kêsusu (ribut).
iwa: jk up. mêngkono, nalika; 2 kw. ak: ewa.
iwag: jk winadi, sinamar.
iwak: n. ulam k 1 daging kewan bêlèhan ... lsp; 2 (ut. [x] loh) kewan kang urip ing banyu ambêkane sarana angsang (lele, wadêr lsp).
(iwat): di-[x] kn didhêmêni sarta digawa lunga (wong wadon).
iwèn: kn sakabèhing kewan kang mawa suwiwi (pitik, bèbèk lsp).

iwêh: jk ewuh.
(iwêl): di-[x]-[x] kn dicêthoti, diciwêli.
iwên: kw. ak kocap(a), kacrita; tan [x]: sigêg ora kocap.
(iwi): di-[x]-[x] kn diisin-isin sarta dicêcênggring (kambi mencosake lambene).
(iwir): di-[x]-[x] kn dijèmbrèngi saka sathithik (têmbako, rambut lsp); kc. miwir.
iwit: kn irit bangêt (digêmèni bangêt); di-[x]-[x]: diirit-irit bangêt (ênggone mangan lsp).
iwu: kw. ak èwu.
(iwud): [x]-[x] kn 1 ar. manuk bngs. alap-alap; 2 wong kang dhêmên nyênyolong (ora tampikan); ng-[x]: njêjupuk lsp. neka-neka mung saolèhe.
(iwut): di-[x]-[x] pc dikalahake kabèh (tmr. main).
(iwung): ng-[x] kw. ak ngamuk, ngiwud.
1. mêngkono.

Y

ya ~ yak-yakan.
ya: n. inggih kn elakake yèn wangsulan cocog karo pitakone, up. apa iki bukumu? ya; 2 nelakakake sumanggêm, saguh, mupakat, gêlêm, up. Sesuk mênyanga pasar! ya; 3 uga, uga mêngkono, up. kowe mlarat, aku ya mlarat; 4 pancèn, mula nyata, up. ya mèmpêr rêga sêmono; 5 nelakake yèn padha bae, up. Radèn Dananjaya ya Radèn Janaka; 6 lan uga, lan manèh, up. mantumu kuwi ya anake wong sugih ya priyayi; 7 dianggo ngantêbake surasane pitakon ut. pamênging, up. Sapa ya sing njupuk? Aja dianggo dolanan ya!; 8 sabawa saèm. dhuh, up. ya tallah têmên!; 9 nelakake yèn têmbunge sing buri diantêbake surasane, up. ya wis, ya uga; 10. mêngkono (mau) up. ya yèn gêlêm, yèn ora kêpriye? Ayake (i)ya! kc. iya.
(yab): [x]-[x]-an kn nglayab (biyayakan mrana-mrana).
yadi: kw yèn.
yadin: kw yèn.
yadyan: kw yèn, sênadyan.
yadyapi: kw malah uga, sênadyan mêngkono.
yadyastun: kw sênadyan mêngkono, dêstun.
yadnya: (S) kw kurban, sajèn.
yaèn: yagèn êngg. kn wiyaèn, ora nriman.
(yag): [x]-[x]-an êngg. kn sag-sagan, kêsusu.
yaga: kn wc. wiyaga, niyaga.
ya-gene: ut. geneya n. punapaa k sêbab apa, kêna apa.
yah: I pc: (yak) kn nelakake ora ngandêl, maido. ngêmohi, gumun; kc. hiyah, biyah. II pc: wis wayah: [x] apa: wayah apa; [x] ene(mene): wayah mêngkene (kasêp).
yahagên: êngg. kn wiyaèn.
yai: êngg. kn êmbuh; kc. kyai.

ya-iku: n. inggih puniku k 1 nêrangake surasane têmbunge kang ngarêp, up. Bangsa Yahudi, yaiku ...; 2 têgêse, jarwane: up. Kang diarani pêndhita, yaiku wong sing ...
yaya: kw 1 bapa; 2 kaya; kc. yayah.
yayah: kw: 1 bapa; 2 kaya.
yayah-rena: kw bapa biyung.
yayah-wibi: kw bapa biyung.
yayan: kw sênadyan.
yayasan: kn omah gêdhe; kc. yasa.
yayi: kw adhi.
yak: I pc sabawa nelakakake ora ngandêl lsp; kc. yah. II [x]-[x]-an kn: biyayakan.
yak-a, yak-e, yakku, yakna, yaknan, yaknèn: êngg. pc ayake, layake (bok mênawa).
yakin: (A) kn 1 nyata têmênan; 2 mêsthi, gênah; 3 wis ngêrti têmênan; ng-[x]-ake: 1 nyatakake nggênahake; 2 niti priksa; ka-[x]-an: apa-apa sing wis dinyatakake, pangandêl.
yak-yakan kn biyayakan; kc. yak.
--- 176 ---
yakut ~ yun.
yakut kn bngs. kristal sok dianggo mata ali-ali lsp.
yaksa (S) kw: buta, danawa; cs. 5.
yaksi (S) kw: danawa (buta) wadon.
yakti (S) kw 1 nyata, têmênan; kc. yêkti; 2 pêndhita; kc. yati.
yam pc hyang (ing padhalangan).
yama (S) kw. ak 1 paro, rakit, kêmbar; cs. 2; 3 ar. dewaning pati.
yamani: kw naraka.
ya mèn: êngg. pc karêbèn.
yan: I kw yèn. II [x]-[x]-ane pc: gênah bangêt.
yana: (S) kw. ak kreta, tunggangan, dalan.
yani: (S) kw. ak kali.
yang: pc hyang; ka-[x]-an: kadewan.
ya ngèn: êngg. pc karêbèn.
Yaudi, Yahudi: kn ar. bangsa asale saka Palèstinah.
yauk: ora [x] êngg. pc ora jodho (sênêng).
yapwan: kw yèn.
yar kw yèn.
yarbuk: (W) kn layang cathêtan taunan.
yasa: I (S) kw. ak jasa. II (S) 1 kw. gêdhong, omah; 2 kn. gawe, ngêdêgake omah lsp; diyasakake: digawe, digawèkake; yasan, yêyasan: 1 omah gêdhong; 2 gêgawean, sing digawe; 3 êngg. kn. darbèke dhewe-dhewe tmr. sawah ut. têgal.
yasadarma: (S) kw bapa.
yasa-kambang: kw bale kambang.
yasin: surat [x] (A) kn ar. bab kang kaping 37 ing kurän, sok diwacakake marang wong sing arêp mati..
yasti: (S) kw. ak pênthung.

yata: kw 1 yaiku; 2 banjur, nuli.
ya-ta: pc: iya ta.
yata, yatallah: pc kc. ya
yatanyan: kw supaya.
yatapin: kw sênadyan.
yatarta: (S) kw. ak mulane.
yati: (S) kw pêndhita; cs. 7.
yatim, yatin: (A) kn lola (sadurunge lair bapakne wis mati).
yatindra: (S) kw (yati indra) pêndhita linuwih).
yatiwara: (S) kw pêndhita luhur.
yatku: êngg. pc niyatku.
yatma, yatmaka: kw sukma, nyawa, badan alus.
yatna: (S) kw pangati-ati, ngati-ati, prayitna; [x] yuwana lena kêna pr: sing sapa ngati-ati bakal slamêt, sing sêmbrana bakal tiwas; kc. yitna.
yatra: k dhuwit.
yawa: kw 1 jawa; 2 jaba.
yawat: (S) kw. ak sênadyan mêngkono, kaya dene.
ye: êngg. pc sabawaning gumun; kc. he.
yeka: br (ya ika) yaiku.
yèki: br (ya iki) yaiku.
yèku: br (ya iku) yaiku.
yèn: kn 1 têmbung panggandhèng nelakake isih janggêlan, up. [x] kowe gêlêm, têkaa!; 2 nelakake waktu (samangsa), up: [x] bapakmu wis têka, undangên mrene; 3 mungguh ing, tumrap ing, up. [x] aku êmoh, dikon nggarap garapan kaya ngono kuwi; 4 mênawa, bok mênawa, up. bênêre bae aku kuwatir [x] ora sida; 5 mundhak, up. aja sok dolanan ana ing pinggir sumur, [x] kêcêmplung lo!; 6 panggandhèng nelakake katêranganing gunêm ut. pangira (bilih), up. Bapak wis ngandika, [x] aku ora sida diutus mênyang Sala; 7 ([x] ... -a) mungguha, saupama; up. Si Suta kae [x] sugiha mèmpêr, lah wong pamêtune akèh.
yêg: 1 kn. omah barêng; 2 pc: rukun; kc. iyêg.
(yêyês): ng-[x] êngg. kn mbladhêg udan bae.
yêksa, yêksi: kc. yaksa, yaksi.
yêkti: kw. (yêktos k) 1 nyata, têrang; 2 (ut. yêktosan k.) têmênan; diyêktèni (dipunyêktosi k); dititèni; diyêktèkake (dipunyêktosakên k); dinyatakake; sa-[x] kw: sanyata; kayêktèn: 1 kêbuktèn, konangan; 2 kanyataan.
yêktiwara: kw pêndhita linuwih; kc. yatiwara.
yêktos: k yêkti.
yêr: kn rasane wong mumêt; [x]-[x]-an: nggliyêr, mumêt.
yêti: pc yêkti.
yêtos: pc yêktos.
yi: êngg. pc kyai (êmbah, wong tuwa bangêt).
yiyid: kn: barang cuwèr plikêt sing nasabi iwak loh lsp; ng-[x]: mêtu yiyide.
ying: êngg. pc sing.

yitma: kw sukma, nyawa, badan alus; kc. yatma.
yitna: kw wêweka, pangati-ati; kc. yatna, prayitna.
yu: pc wc. bak-yu (êmbok-ayu).
yuda: (S) kw pêrang, papêrangan.
yuda-kanaka: kw (ws. kukur-kukur) têmbang pangkur.
yuda-nêgara: kw 1 iguhing pangrèh; 2 tata trapsila; kc. uda-nêgara.
yudasmara: (S) kw aliron sih.
yujana: kw kc. yojana.
yudhaka: (S) kw prajurit.
yuga: I (S) kw jaman (cacahe papat: krêtayuga, tetrayuga, dwaparayuga, kaliyuga). II kw: anak.
yugala: (S) kw. ak somah, bojo.
yuyu: kn ar. kewan mawa kulit thothok asikil sapuluh (urip ing banyu tawa); mata [x]: mata sing tansah kêmbik-kêmbik kaya arêp nangis; [x] rumpung ambarong ronge pr: omahe njênggarang nanging sêjatine mlarat.
(yuyun): ka-[x] kw kasêngsêm; kc. yun.
yuyut: êngg. kn buyut.
yuk: (C) kn bêndara (panyêbute batur Cina marang babahe).
yukti: (S) kw pantês, patut.
yumana: kw krêta raharja, slamêt.
yumani: kw naraka; kc. yamani.
yun: I kw karêp; kc. ayun. II di-[x] kn: dibandhul, diyod; [x]-[x]-an: bandhulan; kc. iyun.
--- 177 ---
Yunani ~ kabudidayan.
Yunani: kn (basa, bangsa, tanah) Griêk.
yung: pc wc. biyung.
(yungyun): ng-[x]-ake kw nêngsêmake; ka-[x]: kasêngsêm; kc. yun, yuyun.
yungta: êngg. pc uwa wadon.
(yur): [x]-[x]-an êngg. kn mayug-mayug kanginan; kc. miyur.
yuri: (W) kn juri, juru ngadili.
yusya: (S) kw yuswa.
yustisi: (W) kn pangadilan luhur.
yuswa: (S) ki umur.
yuta: I (S) kn 1.000.000. II kw. ak: bingung, wudhar.
yutapa: (S) kw. ak sena-pati.
yutun: tani [x] kn wong tani sing mungkul.
yuwana: (S) kw slamêt, rahayu, tulus.
yuwaraja: (S) kw. ak pangeran adipati.
yuwati: (S) kw prawan.
yo: pc ayo.
(yod): [x]-[x]-an kn yun-yunan munggah-mudhun.
yojana: (S) kw ukuran pal-palan.
yodhêmporêm, yodhoporêm: (W) kn jadhêmparêm (yodhoform).
(yog): di-[x] kn dioyog tmr. wit lsp; kc. iyog.

yoga: I kw anak; kang a-[x]: bapa; kc. yuga. II kw: jaman; kc. yuga. III kw: pantês, patut; sa-[x]: sapantêse; kc. prayoga, sayogya. IV (S) kw. ak: sêmadi, ngêningake cipta; ma-[x]: sêmadi.
yogabrata, yoga-sêmèdi: (S) kw ngêningake cipta.
yogi: (S) kw pêndhita.
yogiswara: (S) kw pêndhita linuwih.
yogya: kw patut, pantês; kc. yoga III.
yogyapara: kw. ak sigêg, matèni (tmr. aksara).
yogyaswara: kw têmbung sing wandane wêkasan lêgêna samangsa diganti -i atêgês wadon, up. dewa-dèwi lsp.
yok-apa: n. yok-napa k. êngg. pc kaya apa (kêpriye).
yoni: kw sêkti, linuwih.
ywa: kw aywa, aja.
Ywang: kw hyang (dewa).

K
ka: I êngg. pc kok. II êngg. pc: sangka, saka. III êngg: kae, kana.
ka-Allahan: kn dat sipating Allah.
kaalpan: kw 1 rèmèh; 2 weya, sêmbrana; kc. alpa.
kaanan: n. kawontênan k wujud ut. sipate kang katon; têmbung kaanan kn: têmbung kang mratelakake sipat ut. wataking mubarang; kc. kahanan.
kaantêpan: kn 1 br. diantêpi; 2 pamituhu, kasêtyan; kc. antêp.
kaarsayan: kw kabungahan; kc. arsaya.
kababan: kn kêna ing abab ut. angin (ing mriyêm lsp); kc. abab.
kaba-kaba: kw 1 sumêlang; 2 ora tumêmên.
kabandaran: kn. ak 1 pabeyan; 2 kampung ing palabuhan; kc. bandar.
kabar: I êngg. kn. ak wis kurang kênthêl (tmr. santên), ngabar; kc. abar. II (A) kn: pawarta, wêrta; di-[x]-i: dikandhani, diwèhi wêruh; di-[x]-ake: diwêrtakake.
kabar-angin: (-kabur, -sriwing) pc kabar kang durung karuwan kanyataane.
kabat (ullah): (A) kn mêsjid ing Mêkah.
kabatinan: n. kabatosan k prakara ing sajroning batin.
kabèh: n. sêdaya k ora ana sing ora katut kapetung; di-[x]-ake: dianggo (diêntèkake lsp) kabèh.
kabèhan: êngg kabèh.
kabèlan: kn lumèngkèt dening karêm bangêt (tmr. pêpanganan lsp).
kabêbahan: k kabubuhan.
kabêjan: pc kabêgjan.
kabêgjan: kn lêlakon lsp. kang njalari ut. kang sinêbut aran) bêgja; kc. bêja, bêgja.
kabêkêlan: kn bawah (wêwêngkon, omah) ing bêkêl.
kabêkta saking: k kagawa saka.
kabênan: k. ak kêbanjiran.

kabênêr: n. kalêrês k pinuju, mbênêri; kabênêran n. kalêrêsan k 1 kapinujon, ora kalawan disêngaja; 2 wis bênêr (prayoga), ora kliru; kc. bênêr.
kabêcikan: n. kasaenan k panggawe bêcik, jasa; kc. bêcik.
kabiyas, kabyas: kw kabuncang ing angin, katut.
kabingahan: k kabungahan.
kabir: alam [x] (A) kn alam kang kêna ing pati (donya).
kabiri: kn. ak kc. kêbiri.
kabisan: n. kasagêdan k sêsurupan marang sawijining bab; kc. bisa.
(kabyak): kêkabyak êngg. pc mungsêng mênyang ngêndi-êndi.
kabyatan: kw dimomoti, kabotan.
(kabyuk): di-[x] êngg. pc dikapyuk.
(kablak): kêkablak kn ngêbêt-ngêbêtake suwiwine (banjur kluruk tmr. jago lsp); di-[x]-i ak: ditantang.
kablêg: êngg. pc kêtandhêg akèh, kêpêksa nyangga akèh; kc. blêg.
kablilon: kn. ak kuranging sêsurupan; kc. blilu.
kabluk: êngg. kn glêpung gaplèk.
kablong: pc kalah.
kabubuhan: n. kabêbahan k dibubuhi; kc. bubuh.
kabudayan: kn wudharing nalar tuwin pambudi nganakake yêyasan, kaalusan tuwin kagunan.
kabudidayan: kn palêmamahan[1] jêmbar kang disewa lan ditanduri têbu, kopi lsp. (dening pakumpulan dagang, pabrik gula); kc. budi.
--- 178 ---
kabuyutan ~ kadung.
kabuyutan: êngg. ak papan kang kramat (suci); kc. buyut.
kabuk: êngg. kn ora olèh-olèhan; kc. buk.
kabuktèn, kabukti: kn. ak wis têrang kaluputane dening wis ana buktine; kc. bukti.
kabul: I kn. ak bêbrêk (tmr. bêras sing lawas ana simpênan). II (A) kn: 1 ak: nampa ut. panampaning pangantèn wadon dening pangantèn lanang (ing nalikane diijabake); 2 (donga [x]) ak. donga ngunjukake slamêtan (kêndhuri) marang kang dimêmule; 3 kasêmbadan, kalêksanan (panuwune); 4 êngg. kêtêkan kang digayuh (dijangka); di-[x]-i, di-[x]-ake ak: 1 disêmbadani (panjaluke, sêmbahyange); 2 diujubake (tmr. kêndhurèn).
kabuli: kn. ak bngs. sêga wuduk; kc. kêbuli, gêbuli.
kabungahan: n. kabingahan k rasa bungah, kaananing bungah.
kabupatèn: kn 1 dalêming bupati; 2 wêwêngkon bawahing bupati.
kabur: kn 1 katut ing angin; 2 pc. ilang, lunga, muspra; kc. bur, abur.
kaburi: n. kawingking k. ak 1 ditinggal; 2 kêpungkur; kc. buri.
kabutuhan: n. kabêtahan k apa-apa sing dibutuhake; kc. butuh.
kabuwanan: kn matane isih mêlèk nanging ora bisa ndêlêng.
kabogan: êngg. kn kêpopoh, diwajibake.
kabong: kn wis tumêk (jêlèh) bangêt.
kabotan: n. kawratan k 1 ak. diboboti, dimomoti; 2 kangèlan, rêkasa; kc. abot, bot.

kabotên: n. kawratên k kêladuk abote.
(kabruk): di-[x](-i) kn ditladhung (disabêt) ing suwiwi (tmr. jago tarung lsp).
kabrukan: kn. ak kêbrukan.
kad: (A) kn 1 watês, wangênan; 2 watêsing totohan (tmr. main); luwih saka ing [x] ak. luwih ngêkad pc: kêluwih-luwih, kêladuk, ora lumrah; kc. kat.
kadadean: n. kadadosan k 1 kêlakon dadi; 2 têmahan, pungkasane, kc. dadi.
kadayan: kn. ak 1 kakuwatan; 2 kêna ing daya; kc. daya.
kadanan: kn. ak didanani, olèh dana; kc. dana.
kadang: kn 1 ak. sêdulur; 2 ([x] katut) dadine sêdulur marga katut (dening sêdulure dipèk bojo), [x] konang pc: sing diaku sêdulur mung sing sugih bae; [x] kadeyan kw: sanak sêdulur; olèh [x] ing tingal ak: olèh bocah wadon kang dadi panujuning atine; [x]-[x] anake si ... pc: pantês bae lah wong mung anake si ... (sênadyan ngrênggêp pangkat dhuwur iya ora owah watake).
kadar: I (ut. kadêr êngg) kn 1 ak. kuwasa, bisa; 2 (ut. kadaran, kadêran) êngg. mung, ngêmungake; 3 (ut. kadaran, kadêran) êngg. sabawa mratelakake gumun; kadar (kadêr) apa, [x] sapa, [x] pira êngg. ak: dene têka mung (mratelakake ngrèmèhake); kadar (kadêr) iya êngg. apa iya nyata?; kc. sakadar. II (A) kn. ak:: pêpêsthèn; di-[x] br: dipêsthèkake, tinakdir.
kadarbe, kadarbèk: ak kaduwe; kc. darbe, duwe.
kadarman: kw 1 kabêcikan; 2 panggawe bêcik; kc. darma, dêrma.
kadarpa: (S) kw. ak 1 katrêsnan, pêpenginan; 2 dewaning sih (Kamajaya).
kadas: (A) kn kurang rêsik (tmr. sêmbahyang, wulu).
kade: êngg. ak manggaring arèn; kc. kadi.
kadeyan: kw (kadang [x]) sanak sêdulur, kulawarga.
kadèk: I pc saka ing; kc. kadi. II ut. kadèkneya, kadèkna pc: layak, pantês (mêsthi) bae; kc. kadi.
kadèn: kn bngs. jarit ciyut dianggo êmban-êmban.
kadewan, kadewatan: kn 1 jamaning para dewa; 2 panggonaning dewa.
kadêr: êngg. kn jêr, sabab; kc. kadar.
kadêrêng: (-dêrêng) êngg. ak 1 adrêng bangêt; 2 kasêlak; kc. adrêng.
kadêrêsan: kn. ak kagrujug ing; kc. dêrês.
kadga: (S) kw suduk, kêris.
kadgada: kw trêngginas, rêrikatan.
kadi: I êngg. kn manggaring arèn; gula [x] ak: gula arèn. II (kadèk êngg) n. saking k: saka ing. III (kadèk ak) n. kados k: kaya.
kadibyan: kw kaluwihan, kasêktèn; kc. dibya.
kadigdayan: kw kaluwihan bab kêrêngan ut. pêrang (kc. sêkti, kêdhot lsp); kc. digdaya.
kadim: (A) kn. ak langgêng; kc. kidam.
kadingalêm: (-an) kn. ak rada kêladuk tindak-tanduke.

kadingarèn: kn rada anèh (ora kaya adat sabêne).
kadiparan: kw kapriye, geneya.
kadipatèn: kn dalême Pangeran adipati.
kadipundi: kn. ak kapriye, geneya.
kadiran: êngg. kn kibir, sumêngah, umuk.
kadis: (A) kn crita riwayat ut. babad (K.N. Muchamad).
kadudon: kw padudon, sulaya.
kadug: êngg. kn gadug.
kadugèn: k. ak kêtutugan; kc. kêduga.
kaduhung, kaduwung: kn. ak kêduwung.
kaduk: êngg. ak 1 kakehan, kêluwih; 2 kêbangêtên; [x] ati bela tampa br: kliru tampa, sêrik; [x] wani (-kurang dêduga): kumêndêl ora nganggo dipikir; kc. kêladuk.
kaduluran: kn. ak kasêmbadan têmênan (kang dadi pangajape), kêlakon; kc. dulur.
kaduman: kn. ak komanan, kêduman.
kadumêlan: kn. ak grundêlan.
kadunungan: kn 1 br. didunungi, diênggoni; 2 ([x] kabêcikan lsp) ak. olèh kabêcikan lsp; 3 ([x] watak, [x] ambêk) duwe watak (ambêk) ...; kc. dunung.
kadung: kn 1 cupêt, ora têkan; 2 durung marêm (tmr. mêmangan), durung lêga; 3 ora kasêmbadan sêdyane, luput tujune.
--- 179 ---
kadut ~ kagêdhèn.
kadut: kn bngs. bagor (kang digawe agêl).
kaduwe: n. kadarbe k. ak diduwèni, dadi darbèke; kc. duwe.
kadohan: n. katêbihan k papan kang adoh.
kadohên: n. kêtêbihên k kêladuk adohe.
kadonyan: kn 1 kang gêgayutan (gêgêbênganing) donya; 2 (amal [x]) barang-barang kang bakal sirna (rajabrana lsp).
kados: k 1 kaya; 2 layak; kc. kadi.
kadospatèn: k. ak kadipatèn.
kadospundi: k kapriye.
kadrêng: 1 kw. kadêrêng, adrêng; 2 êngg. angot, kumat; kc. adrêng dêrêng.
kadrêsan: kw 1 kadêrêsan, kagrujug ing; 2 kêlubèran ing sih lsp; kc. dêrês, drês.
kadya, kadyangga: kw kaya, kadi.
kajanapriya: kw misuwur.
kajantaka: kw nandhang sangsara (kacingkrangan).
kajang: kn bngs. wêlit sing digawe godhong nipah, gêbang lsp, dianggo payon lsp; [x]-an êngg. ak: palêrêban, pakuwon; kc. makajangan.
kajangsirah: k. ak bantal.
kajar: kn senthe putih.
kajaroan: êngg. kn omahing lurah (desa); kc. jaro.

kajat: I (A) kn. ak pêpenginan, niyat, ngarêp-arêp; di-[x]-i ak: dipengini, diniyati. II êngg. ak: kêndhurèn, slamêtan.
kajatan: êngg. ak slamêtan.
kajawan: n. kajawèn k 1 tlatah (wêwêngkon)ing wong-wong Jawa; 2 palêmahan kang ora disewakake marang kabudidayan; kc. jawa.
kajèn: (-kèringan) kn diurmati (diajèni) lan dièringi; ora kajèn pc: dicêcamah, ora diajèni.
kajêge: êngg. pc gajêge.
kajêng: k 1 kayu; 2 karêp.
kaji: kn wong kang wis jiyarah mênyang Mêkah.
kajibah: kn. ak kêpopoh, kawajiban.
kajiman: kn 1 dipanjingi ing jim (setan); 2 jagading para jim.
kajinêman: êngg. ak pulisi kapêtêngan, panjaga.
kaju, kajo: êngg. kn gumun, eram.
kajuligan: kn kapintêran bab kang ora bêcik; kc. julig.
kajuwara: kn. ak misuwur.
kajog: (-atine) kn 1 rasaning ati ora sênêng bangêt dening owahing lêlakon kang tinêmah; 2 êngg. kêcuwan bangêt tansah kêpengin bali marang lêlakon kang uwis-uwis.
kajogan: kn. ak jogan.
kajrihên: k. ak kêwêdèn.
kadhal: kn ar. kewan rumangkang kang saba ing pasukêtan; [x]-an ak: mlaku mbrangkang; kc. ngadhal.
kadhal mènèk: kn ar. caraning gêlungan (nganggo jungkat rambute diukêl diunggahake sumlêmpit ing jungkat).
kadhang: ut. [x]-[x](-an), [x]-kadhing(-an) pc. [x]-kala(-ne), [x] kinalan êngg. [x]-kawis êngg. k 1 têrkadhang, kala-kala; 2 pc. bok mênawa sok; 3 êngg. mênawa; 4 êngg. barêng.
kadhangan: kn. ak kêpalang, dialang-alangi; kc. adhang.
kadhar: turu [x], kêkadhar kn (ing wayah bêngi) turu ana ning sajabaning omah.
kadhas: kn ar. lêlaring[2] kulit.
kadhas-kudhis: kn saèm. kadhas nanging êmblok-êmblokan.
kadhaton: kn kraton, dalêming ratu.
kadhatwan, kadhatyan, kadhatun: kw kraton, kadhaton.
kadhawa: kn ar. manuk.
kadhêt: I êngg. kn bajingan; di-[x] êngg: diutil. II (W) kn: murid pamulangan saradhadhu.
kadhêkêsan: kn. ak linggih ngangsêg-ngangsêg; kc. kêdhêkês.
kadhêle: kn. ak dhêle.
kadhêmên: n. kasrêpên k lara rasaning awak adhêm (panastis); kc. adhêm.
kadhêmênan: n. karêmênan k kasênêngan; kc. dhêmên.
kadhêmkatis: êngg. kn kadhêmên, panastis.
kadhênge: êngg sok, têrkadhang; kc. kadhang.
kadhêng parêng: êngg bok mênawa.
kadhil: êngg. kn gadhil (siyung cèlèng).

kadhingkala: êngg sadhengaha wong.
kadhung: I êngg. kn kadhung. II wis [x] êngg: wis bêbacut. III êngg: mênawa; kc. kadhang.
kadho-kadho: êngg. ak gojag-gajêg, sumêlang.
kadhokan: kn. ak kadunungan, kênggonan; kc. dhok.
kae: n. punika k 1 panuduh kang adoh saka kang gunêman; 2 pc. sênadyan, up. sugiha [x] ora lumrah wong; 3 (mau [x], biyèn [x]) dhèk mau (-biyèn); kc. ika.
kaèk-kaèk: pc bêngok-bêngok.
kaelingan: n. kaèngêtan k 1 br. dièlingi; 2 kèlingan; 3 pangeling-eling; 4 pangangên-angên; kc. eling.
kaelokan: kn pangeram-eram mukjijat; kc. elok.
kaendran: kw kayangan(ing Bathara Indra).
kaèsi-èsi: kw disiya-siya, dicêcamah.
kaèt: êngg. kn rakêt bangêt, kênal bangêt; kc. kait.
kafir: (A) kn wong kang tanpa agama (saliyane Islam); kc. kapir.
kaga: (S) kw manuk.
kagadhah: k kaduwe; kc. kaduwe.
kagak: ora [x] êngg ora kuwagang, ora wani.
kagawa saka: n. kabêkta saking k marga saka; kc. gawa.
kageyan: êngg. ak kêsusu, kêrikatên; kc. age.
kagendra: (S) kw ratuning manuk.
kageswara: (S) kw ratuning manuk.
kagèt: kn 1 rasaning ati owah dadakan (dening kaanan kang ora dinyana babar pisan); 2 pc. dumadakan enggal mundhak gêdhe (tmr. tanduran); di-[x]-ake: digawe kagèt; kc. gèt, êgèt.
kagèt sangkète: kn 1 ak. kêjêng bangkèkane; 2 sanalika kêjêng marga kagèt.
kagêdhèn: n. kagêngên k kêladuk gêdhene.
--- 180 ---
kagêm ~ kak.
kagêm: 1 kw. digêgêm, dicêkêl; 2 ki. dianggo.
kagêngan: êngg. k duwèk.
kagila-gila, kagiri-giri: kw kêluwih-luwih, bangêt; kc. giri.
kagyat: kw: kagèt.
kagum: kn 1 kagèt tangi sarta gundam-gundam (marga impèn kang nggêgilani); 2 êngg. gumun bangêt.
kagunan: kn 1 ak. kapintêran, kalantipan; 2 yêyasan (gêgawean) sing adipèni; 3 wudharing pambudi kang nganakake kaendahan (gêgambaran, kidung, ngukir-ukir lsp); kc. guna.
kagungan: ki duwe, duwèk.
kagok: kn 1 rada mèmpêr karo cara ing (tmr. dandanan, gêgawean lsp); 2 ora lumrah, anèh).
kagol: êngg. kn 1 ak. kandhêg, ora bisa têrus; 2 kêna ing alangan, kêpalang; 3 ([x] atine) ora kêtutugan kang dadi karêpe; kc. gol, pagol.
kah: êngg kae.
kahabalang: kw. ak kêsingsal, kabuncang.

kahanan: 1 kw. ak. panggonan; 2 kn. kaanan; kc. kaanan.
kahantu: kw klêngêr, sêmaput; kc. kantu.
kahar: êngg. kn dhokar, kreta arodha loro jaran siji.
kahyangan: kw panggonane para dewa; kc. hyang.
kahyun: kw karêp, pangarêp-arêp; kc. hyun.
kahwa: (A) kn. ak kopi.
kailangan: n. kaicalan k 1 (ing [x]) br. ing alam pati; 2 ak. kelangan; kc. ilang.
kaim: (-an) êngg. k kaum(-an).
kain: êngg. pc 1 jarit; 2 sêmbagi, cita.
kainan: kn kurang ngati-ati panjagane (salahe dhewe); kc. ina.
kain bambu: kn bngs. sêmbagi ijo (dianggo sandhangan saradhadhu).
kaindhakan: k kaundhakan.
kain panas: kn bngs. sêmbagi ing jêrone jriwut-jriwut.
kain rami: kn bngs. sêmbagi asal saka rami.
kaing-kaing: pc pêpindhan swaraning asu.
kairing: br diiring, dibarêngi ing; kc. iring.
kait: (-an) I kn. ak 1 gandhèng karo; 2 sêkuthon, wis rêrêmbugan nêdya nindakake ala; kc. sêkait. II [x] cilik êngg. pc: kawit (wiwit) cilik.
kaya: I n. kados k 1 saèmpêr (sairib) karo; 2 mèh padha karo; 3 (ut. [x]-[x]) saka rumangsaku (bok mênawa); [x] dene: saèmpêr karo; [x] (ng-)apa n. kados pundi k. ak:: kêpriye; di-[x] (ng)apa: 1 ditindakake kaya dene; 2 digêgampang; [x] ta: upamane kaya dene ...; ora [x]-a pc: wis têmênan (kanthi têmên-têmên); duwe ati [x]-[x] pc: isih gojag-gajêg. II (S) kw. ak: awak; cs. 3. III pamêtune wong lanang kang kawènèhake marang bojone; kêkaya ak: mènèhi kaya marang; dikayani: diwènèhi kaya.
(kayah): di-[x] kn. ak diawag, ditindakake sakarêp-karêpe.
kayayaban: êngg. ak yab-yaban.
(kayal): kêkayal, [x]-an kn.ak 1 golèk pangan (wowohan lsp) mênyang ing alas; 2 nyambut gawe kanthi rêkasa; 3 lunga klambrangan.
(kayang): I kêkayang, ngayang kn ndhêngklak gêgêre nêkuk banjur mlaku. II di-[x] kn: 1 diêpêng bangêt ngêtog karosan (kakuwatan); 2 êngg. dijotos sêru; kc. ngayang.
kayangan: kn padunungganing para dewa; kc. kahyangan.
kayas: kn. ak panganan lsp. kang dicampuri sisikan gangsa (wisa lsp) dianggo mênggawe.
kayat: (A) kn. ak urip.
kayatnan: kw kaprayitnan, pangati-ati; kc. yatna, prayatna.
kayeka, kayèki, kayèku: kw kaya kae (iki, iku).
kayêktèn: n. kayêktosan k 1 ak. kacêtha, têrang marga kabuktèn; 2 br. kanyataan, kasunyatan; kc. yêkti.
kayu: n. kajêng k dêlêging wit-witan; [x] apu kn: 1 ar. têtuwuhan kumambang ing banyu; 2 ar. cêplok rêrênggan; [x[bakar. [x] (o)bong, [x] dang; kayu kang dianggo gêgênèn; [x] daya ak: kayu-kayu kang migunani (kêna digawe dandanan); [x] taun: wit-witan sing kayune

kêna digawe dandanan (balungan omah lsp); [x] manis(-jangan): ar. wit klikane lêgi; nggugat [x] aking pr: nggugat wong sing wis mati; sèjèn [x] aking pr: (digugat lsp) atêtamèng wong sing wis mati; wastra bêdhah [x] pokah br: kêtaton; dikayu-alakake, dikayuwalakake ak: dianggêp ala, dicêcamah, disarang; kc. kayon.
kayuh: I sa-[x] êngg. kn tênunan sabakal (8 kacu); di-[x]: 1 dirangkul; 2 diêlokake (tmr. dagangan barang sêmbêt lsp); [x]-an: barang kang dikayuh. II di-[x] êngg: diwêlahi; kc. gayuh, ngayuh.
kayul, kayol: êngg. kn bngs. arit.
kayumanan, kayuwanan: kw kabêgjan, kaslamêtan.
kayun: I kw karêp, pêpenginan. II (A) kn. ak urip.
kayungyun: kw kêsêngsêm, kedanan, kêpencut.
(kayut): di-[x](-i) kn. ak ditalèni digayutake, diêrut, dirayut; di-[x]-ake ak: ditalèni olèh; mitra (akrab, sanak, dhayoh) [x]-an ak: mitra lsp. gawan (dadi mung gêgayutan bae); kc. gayut, rayut.
kayol: kw pêtêng budine, muring bangêt; kc. kayul.
kayoman: kn kèyuban ing wit lsp; kc. ayom.
kayon: n. kajêngan k 1 (ut. kêkayon) wit-witan; 2 gunungan ing wayang; kc. kayu.
kayong: êngg kaya.
kaywan: kw kayon.
kak: I êngg kang (kakang). II (A) kn: 1 kanyataan, kang sanyata; 2 wêwênang, hak; duwe [x]: duwe wêwênang ndarbèni lsp; di-[x]-i ak: didhaku, diaku.
--- 181 ---
III (W) pc: bngs. dom dawa mawa cantholan dianggo nyongkèt lsp; di-[x] pc: disongkèt lsp. nganggo kak.
kaka ~ kalang.
kaka: I kw kakang. II (S) kw. ak: manuk gagak.
kakab: duk sa-[x] kn duk satapas (sabêngkêkan).
kakag: kn. ak atos kiyal (tmr. iwak daging).
(kakah): di-[x]-i kn. 1 dilangkahi, didunungake ana ing sêla-sêlaning sikil; 2 êngg. digagahi, dikuwasani, didhaku; kc. gagah, bêgagah.
kakak: êngg. ak kakang; kc. ngakak.
kakak tuwa: êngg. kn ar. manuk bngs. nuri.
kakal: êngg. kn atos kiyal (tmr. daging lsp); [x]-[x]-an êngg. pc: pêpadon èyèl-èyèlan.
kakang: kn. raka ki 1 sêdulur lanang kang kaprênah tuwa; 2 ak. bojo (laki); 3 ent. tunggal jinis nanging kang luwih gêdhe; [x] êmbok, [x] bi êngg. ak: êmbok-ayu; [x]-adhi: sêdulur tumruntun, ent. mèh padha.
kakap: kn ar. iwak sêgara.
kakas: kn. ak atos, akas; kc. kas.
kakbah, kakbat: (A) kn mêsjid ing Mêkah.
kakehan: n. kêkathahên k kêluwih akèhe; kc. akèh.
kakèk: pc kaki; wis [x]-[x] pc: wis tuwa bangêt; kc. kaki.
kakèk moyang: êngg. ak êmbah (lan êmbah buyut).
kakekat: (A) kn. ak kanyataan, kang sanyata.

kakèn: I nganti [x]-[x] ninèn-ninèn pc nganti tuwa bangêt ênggone jêjodhoan; kc. kaki. II kn: pangetunge nganggo kaki; kc. kaki, pakakèn.
kakên: k kaku.
kakênan: kn kêna ing, kêpranan; kc. kêna.
kaki: I kn. eyang ki 1 êmbah lanang; 2 br. anak anggèr (panyêbut marang wong nom kang kinasih ut. kinurmatan); wis [x]-[x] pc. wis tuwa bangêt. II kn: 1/12 cêngkal (0,313 m).
kakiki: (A) kn. ak nyata.
kakim: (A) kn. ak jaksa, pangulu sing kawasa ningkahake.
kak-kong: kn sikile cêndhak pawakane dawa (tmr. dêdêg piadêg).
kaku: n. kakên k 1 ora lêmês, angèl ditêkuk; 2 ent. kau, ora luwês (tmr. pratingkah, ukara lsp); [x] atine: njêlu ut. mangkêl bangêt (wis ora sabar); kakon atèn kn: gampang nêpsune, mutungan atèn.
kakung: ki 1 lanang; 2 bojo.
kakung-putri: ki lanang wadon.
kakus: kn jumblêng.
kakrak: kn suwèk ut. bêdhah amba.
kakrokake: pc. ks têmbung pamisuh.
kaksiyat: kn. ak kasiyat.
kal: (A) êngg. ak 1 kaanan; 2 mungguh ing; kc. kale, sakal.
kala: I kn jirêt dianggo masangi manuk lsp; di-[x]: dijirêt, dipasangi kala. II kw: 1 piala, ala; 2 buta ut. dhêmit. III kn: ar. kewan êntup-êntupan, arane: [x] jêngking, [x] mènthèl lsp. IV (S) kn: 1 wêktu, mangsa; 2 k. dhèk (nalika); [x]-[x] kn: 1 ora ajêg, ora mêsthi; 2 êngg. mêngko mundhak ...
kalaban: kn. ak kêlêban, kêbanjiran.
kala benjing: êngg. k sesuk.
kala-bêndu: kw bêbêndu, wêwêlak.
kaladesa: (S) kw. ak (mangsa lan panggonan) mangsa kang prayoga. angaladesa kw: nangguh mangsa kang prayoga.
kalajuta: (S) kw ngalamat ala.
kalajana: (S) kw. ak wong ala.
kalajêngking: kn ar. kewan êntup-êntupan.
kalagyan: kw patapan.
kalah: n. kawon k 1 kasoran (ênggone kêrêngan, pêrang, main); 2 isih diungkuli kaanane, up. [x] bêcik; 3 pc. pikalah (kèhe ênggone kalah main lsp); [x] angka ([x] biji) pc: kurang aji, kurang diajèni; [x] cacak mênang cacak pc: isih bêgjan-bêgjan êmbuh tuna (kalah) êmbuh bathi (mênang); di-[x]-ake: 1 dipêrangi lsp. nganti kalah; 2 dianggêp kalah, disorake; [x]-an: ajêgan kalah.
kalaha: (S) kw. ak pêrang, pêpadon.
kalaipan: kn. ak kêcingkrangan, kêkurangan.
kalairan: kn 1 kang katon ing lair; 2 (wiyosan ki) wêton, ênggone lair (dina, panggonan); kc. lair.
kalayan: k. ak karo, lan.
kalak: kn ar. kêmbang.

kalaka: kw. ak banyu.
kalakatha: kw yuyu, kêpithing.
kalakuan: kn patrap ut. tindak-tanduk kang linakonan; kc. laku.
kalakon: ak. kalakyan, kalakwan kw: kêlakon.
kalal: (A) kn kêna linakonan (ora karam); kc. halal.
kala-luwang, kala-pracik: kn ar. kala rêrentengan.
kalam: I (A) kn 1 ak. pèn (lumrahe kang digawe sruwa duk); 2 ki. palanangan. II (A) kn. ak: pangandika(ning Allah).
kalaman: kn. ak kang lumrah ing mangsa; kc. alam.
kala-mangga: êngg. kn kêmangga.
kala-mangsa: kn 1 mangsa, waktu; 2 kala-kala, ora ajêg.
kala-menje: kn ar. kewan êntup-êntupan.
kala-mênjing: kn pungkasaning gulu kang njêndhol ing gulu.
kalamênta: kn ar. sukêt.
kala-mêntas: (an) kn bngs. têtai ing kêris.
kala-mudhêng: kn. ak ar. petunganing maling.
kalamun: kw yèn, mênawa.
kalamtara: êngg. kn kêmlandhingan (ar. têtuwuhan).
kalana: kw. ak buta, wong alasan.
kalandara: kw. ak srêngenge.
kalanjana: kn ar. sukêt.
kalan-kalan: êngg kala-kala.
kalantara: kn kêmlandhingan; kc. kalamtara.
kalang: I di-[x] kn. ak dikêpung, dikupêngi; [x]-an: 1 (n. kambêngan k) papan kang kanggo adu-adu (jago lsp); 2 buwêngan ing rêmbulan ut. srêngenge; 3 (ut. kêkalangan) mabur mubêng-mubêng (tmr. dara, wulung lsp).
--- 182 ---
II kn: ar. gêgolonganing wong kang kuna-kunane ora têtêp padunungane. III [x]-an kn. ak: kêpalang, kandhêg, kêpagol; kc. alang.
kalang kabut ~ kaluputan.
kalang kabut: êngg. kn kisruh ora karu-karuwan.
kalap: kn 1 ak. dijupuk ing lêlêmbut (ana ing papan kang angkêr, kali lsp); 2 êngg. ndlêming marga lara panas; 3 kanggo ing gawe, kêna dijupuk paedahe; kc. alap.
kalapi: (S) kw. ak mêrak.
(kalar): di-[x] kn 1 diulur têrus (nganggo tampar lsp. kang dawa); 2 ak. diuja sakatoge (tmr. hawa napsu lsp); 3 ora diopèni nanging ora dipêgat (tmr. wong wadon).
kalas: I kn (gêtih [x]) gêtih kang rêgêd nggatêli (tmr. wong duwe anak, nggarap-sari lsp). II [x]-[x] êngg. kn: 1 tipis bangêt, sathithik; 2 lamat-lamat; 3 nganti.
kalasa: I (S) kw wadhah, kêndhil. II kc. klasa.
kalasangka: kw bngs. slomprèt.
kalacakra: (S) kw. ak srêngenge.
kalawai: kw bngs. trisula (tumbak alandhêp têlu).
kalawan: k. ak karo, lan.

kalawija: kn abdidalêm kraton awujud wong-wong kang padha cacad (picak, bucu lsp).
kalbu: (A) kw ati.
kaldhu: (Prt) kn duduh iwak.
kale: êngg mangka; kc. kal.
kaleban: kw kêlêban.
kalèk: kn. ak janggêlaning kasaguhan.
kalèn: (-an) kn kali cilik, ilèn-ilèn banyu; kc. kali.
kalenan: kn. ak kurang prayitna; kc. lena.
kalèng: êngg. kn blèg (lênga petrol lsp); kc. kaling.
kalerehan: kn 1 ak. rèrèhan, sosoran; 2 br. dilèrèni, dipocot; kc. lêrèh.
kalesa: kw cacad, rêrêgêd, camah.
kalèt: kn 1 singlèt krakêt (tmr. kathok lsp); 2 pc. kuru bangêt.
kalêban: kn diêlêbi banyu; kc. lêb.
kalêm: (W) pc sarèh.
kalênggahan: k kalungguhan.
kalêngka: kw 1 cacad, ciri; 2 misuwur bangêt.
kalêngka: (n) kw intên (uga dianggo ent).
kalêngki-lêngki: kw dêrêng bangêt, bangêt-bangêt.
kalênglêngan: kw kedanan; kc. lênglêng.
kalêpasan: br 1 lêpasing wawasan (panêmu); 2 uwal saka bêbandaning donya; kc. lêpas.
kalêpatan: k kaluputan.
kalêson: br kêsêl; kc. lêsu.
kali: I n. lèpèn k ilèn-ilèn banyu saka ing pagunungan anjog ing sêgara (ut. sidhatane). II (A) kn. ak: jaksa babagan agama Islam.
kalih: k 1 loro; 2 pc. karo, lan.
kalihan: k. ak karo, lan; kc. kaliyan.
kaliyan: k karo, lan.
kaliyuga: (S) kw ar. jaman kang kapat (jaman rusak).
kalika: êngg. ak nalika; kc. klika.
kalilan: kn dililani, olèh idin; kc. lila, lilah.
kalimah: (A) kn têtêmbungan; [x] loro, [x] sahadat: têtêmbunganing pangandêl loro yaiku: la illah ill'llah, Muhamad' rasul'llah (ora ana Pangeran kêjaba Allah, lan Muchamad rasuling Allah).
kaliman: êngg. ak kula nuwun kêparênga mangkat lsp; kc. alim, pasang aliman tabe.
kalimêngan: 1 br. kêsaput ing pêpêtêng, kêpêtêngan; 2 ki. kêlalèn; kc. lali, limêng.
kalimunan: kw kêsaput ing pêpêtêng; kc. limun.
kalimputan: kn 1 kaling-kalingan (pandêlênge); 2 br. kêlalèn, lali, kêtutupan ing hawa nêpsu lsp; kc. limput.
kalimrahan: k kalumrahan.
kalindhih: kw kalah, kasoran.
kalintang: (-lintang) kw kêluwih(-luwih).

kaling: I kn blèg wadhah ucêng-ucêng (sumbu) ing diyan sinthir; kc. kalèng. II kn. ak: bngs. gêlangan ut. alèn-alèn dianggo ngêluhi irung sapi lsp.
kalingan: I kn. ak kêtutupan, kalimputan; kc. aling. II kalingane(-a) ak: baya apa wigatine.
kalingga murda: kw dipundhi-pundhi, ditampani kalawan urmat.
kalingga warsa: kw wis lungse bangêt (kêsuwèn).
kalingsêman: k. ak kisinan.
kalipah, kalipat: (A) kn 1 sêsulih, wakil; 2 panggêdhening praja ngiras panggêdhe agama Islam.
kalipatullah: (A) kn sêsulihing Allah.
kalir: sa-[x] kw. kabèh; (sa-)-[x]-e êngg: sabisane ut. saturahe bae (kang diwènèhake).
kalirên: kn kêluwèn, ngêlih kêkurangan pangan.
kalis: kn ora bisa têlês, ora bisa campur, kaya banyu karo lênga; 2 ora bisa tumama, ora bisa kêtaman, ora pasah; 3 luput ing (lêlara, kacilakan lsp).
kalitên: k kêcilikên.
kalyana: (S) kw. ak linuwih, bêcik.
kalkul: êngg. kn kalkun.
kalkun: (W) kn ar. bngs. pitik.
kaluhuran: kn 1 kaanan ut. sêsipatan kang luhur (pakurmatan, pangkat lsp); 2 br. diungkuli; kc. luhur.
kalumrahan: n. kalimrahan k padatan kang wis lumrah; kc. lumrah.
kalung: n. sangsangan ki 1 apa-apa sing diubêdake ing gulu (rante, kacu lsp); 2 rêrênggan kaya dene rante êmas lsp; kaêtrap ing gulu; 3 nganggo kalung kang kasêbut; di-[x]-i (disangsangi ki); diênggoni kalung; di-[x]-ake: diubêdake (diêtrap) ing gulu.
kalungguhan: n. kalênggahan k 1 pangkat, pêpangkatan; 2 br. dilungguhi; kc. lungguh.
kalung usus: pc nganggo apa-apa sarwa patut.
kaluputan: n. kalêpatan k 1 salah, luput, kliru; 2 kêsalahan; kc. luput.
--- 183 ---
(kalus) ~ kamisêsêgên.
(kalus): angalus kw. ak lunga ngungsi.
kaluwihan: n. kalangkungan k 1 kaanan linuwih (pinunjul); 2 diluwihi.
kalo: kn bngs. irig dianggo saringan santên lsp.
kalok: kn wis misuwur; kc. lok.
kaloka: kw misuwur.
kalong: I kn. 1 suda sathithik (marga diênggo, dijupuk lsp); 2 diêlong, disuda; [x]-an ak: kapitunan; kc. long. II kn: bngs.lawa gêdhe.
kalorên: kn. ndhrêdhêg, buyutên.
kalot: kw. tansah sangsara; kc. lot.
kalpa: (S). kw. ak. jaman.
kalpasastra: (S) kw. ak. layang primbon.
kalpija: kw. lambe.
kalpika: kw. ali-ali.

kalwang: kw. kalong (bngs. lawa).
kalwat: kn. ak. jugangan kuburan; kc. kluwat.
kama: (S) kw. 1 katrêsnan, pêpenginan marang cumbana; 2 wijining wong lanang.
kamajuan: n. kamajêngan k. jaman ut. kaanan kang maju.
kamayan: kw. aji ngêtokake kasêktèn (ing paprangan).
kamayaran: kn. sudaning kangelan ut. rêkasa; kc. mayar.
kamal: I êndhog [x]. êndhog diasin; di-[x]: 1 diasin (tmr. êndhog); 2 dipopok ing tamba (tmr. abuh lsp). II kw: asêm.
kamalagi:asêm.
kamalalya: (S) kw. ak. kêsêngsêm, kedanan.
kamalan: kw. olèh ganjaran ut. kabêcikan; kc. kêmalan.
kamandaka: kw. têtêmbungan pangapus (ngayawara).
kamandhalu: (S) kw. klênthing, jun.
kamanungsan: kn. 1 sêsipatan kaananing manungsa; 2 br. konangan ut. kawruhan ing wong; kc. manungsa.
kamantrèn: kn. panggonane (omahe) mantri.
kamantyan: kw. bangêt, kêluwih-luwih.
kamangkara: kw. ak. nglêngkara.
kamar: I (W) kn. sênthong (lumrahe ing omah gêdhong); [x] bolah: omah kanggo kasukan ngenggar-enggar ati; [x] kêcil êngg. pc: kakus, pakiwan; [x] mandhi êngg. pc: padusan; [x] obat ak: toko tamba-tamba. II (Prs) kn. ak: pênding.
kamari: (A) kn. ak. rêmbulan.
kamas: I pc. kakang-mas. II di-[x]-ake marang êngg. ak: dipintokake (disêmantakake) marang; kc. kêmasan.
kamat: (A) kn. pêpujian bêbukaning sêmbahyang (Islam).
kambah: kn. 1 diambah ut. kêna ing (lêlara lsp); 2 nggêpok ing lêmah lsp: kc. ambah.
kambala: (S) kw. ak. bakal kang digawe wulu wêdhus.
kamban:(-ên) n. kêwiyarên k. kêladuk ambane; kc. amba.
kambang:kn.1 (ut. [x]-[x]. [x]-an) kumampul ing banyu (ora nyilêm); 2 gabus lsp. sing dicêncang ing kênur supaya pancinge ora nyilêm; 3 ak. ora pati krasa, ora manêt bangêt; di-[x]: 1 ak. (ut. di-[x]-ake) dikampul-kampulake ing banyu (ora disilêmake); 2 ora diênêtake bangêt, ora kanthi karosan; ngambang: kumambang ing banyu; kc. kumambang.
kambangan: êngg. k.bèbèk.
kambe: kw. ak. ambèn, lincak.
kambèk, kambèn: êngg. karo.
kambêng: I k. ak. kalang. II kn: ar. jogèd.
kambêngan: k. 1 alang-alang; 2 kalangan; 3 êngg. bêndungan.
kambi: êngg. pc. karo.
kambil: I ki. ak. abah-abah, lapak. II êngg: krambil.
kambing: êngg. pc. wêdhus.
(kamblok): di-[x]-ake êngg. digamblokake.

kambu: I n. kambêt k. ak. diambu; kc. ambu. II kn: ubyung-ubyungan alihan ênggon (tmr. tawon).
kambuh: (-an) kn. angot lara manèh sarta luwih bangêt tinimbang sakawit.
(kambul): I ngambul êngg. ak. nyundhangi wit-witan ut. lêmah (tmr. sapi, kêbo lsp). II [x]-an êngg. ak: ngumpul; kc. kêmbul.
kambon: pc. (diambu ing) kêna ing; ora [x] upa pc: ora mangan apa-apa.
kambong: kn. ar. iwak sêgara.
kamelikan: kn. pêpenginan marang darbèking liyan; lc. melik.
kamêna: kw. sadurunge.
kamênangan: kn. ak. olèh-olèhane ênggone mênang.
kamênangên: kn. ak. kêbangêtên ênggone mikolèhake awake dhewe.
kamênyangan: kw. bêgja bangêt yèn; kc. kêmayangan.
kamêrgèn: k. kêdalanan.
kami: kw. aku kabèh.
kamibocah:(-ên) n. kapilare k. ak. solah tingkahe lsp. kaya bocah.
kamidilêpên: k. ak. lunga banjur ora ngaton-ngaton; kc. dilêp.
kamijara: êngg. kn. sêre.
kamijijèn: kn. ak. jiji bangêt.
kamigigilên: êngg. ak. ndhrêdhêg, gigilên
kamigilan: kn. ak. gila bangêt.
kamikakon: kn. kêjêng, kaku.
kamikêkêlên: kn. 1 njêngkêrut marga kadhêmên bangêt; 2 kêladuk bangêt ênggone ngguyu; kc. kêkêl.
kamilêgan, kamilêgên: kn. kêwarêgên bangêt.
kamilulutên: kn. ak. lulut bangêt marang.
kamilurusên: kn. saya ngênês (lara) banjur mati.
kamipurun: k. kumawani.
kamirahan: k. kamurahan.
kamirurusên: kn. ak. kamilurusên.
kamisandhanên: kn. mrongkol ing susu.
kamisasatên: kw. mlêlêng matane.
kamisèsètên, kamisisètên: kn. padha sèsèt kulite (pucuking driji lsp).
kamisêpuh: k. kamituwa.
kamisêsêgên: kn. têrus mingsêg-mingsêg ênggone nangis.
--- 184 ---
kamisosolên ~ kandêlan.
kamisosolên: kn. groyok bangêt ora bisa gunêman cêtha.
kamitegan: kn. ak. tega bangêt.
kamitênggêngên: kn. njêngêr mandêng (marga gumun lsp).
kamitigan: kn. matêng durung mangsane (tmr. wowohan lsp).
kamituwa: n. kamisêpuh k: 1 ak. pinituwa, pangarêp; 2 lêlurahing dhukuh, sangisoring lurah.
kamitolèhên, kamitolihên: kn. ak tansah kèlingan marang kang ditinggal.

kamitontonên: kn. ak tansah katon ana ing angên-angên (ing gagasan).
kamicucèn: êngg. kn ikêt-ikêtan sinthingane njêgrag.
kamiwêlasên: kn. ak wêlas bangêt.
kamla: kw kêcut.
kamlaratan: kn kaanan ênggone mlarat; kc. mlarat.
kamli: kn kêmul dhèg (kang digawe wulu wêdhus).
kamu: kw kowe kabèh.
(kamud): [x]-[x] êngg nyamuk-nyamuk; di-[x] êngg: dijupuk lan dipèk, diêntèkake kabèh; kc. klamud, mud.
kamuk: kw diamuk; kc. amuk.
kamuka: (S) kw sêngsêm.
kamuktèn: kn enak kapenaking ngaurip; kc. mukti.
kamulan: kn. ak asal, wiwitan; kc. mula.
kamulyan: kn kaluhuran; kc. mulya.
kamurahan: n. kamirahan k sih kawêlasan; kc. murah.
kamuratan: êngg. kn êntèk-êntèkan babar pisan.
kamus: I kn 1 wlulang wis dimangsak alus; 2 êngg. sabuk kang digawe wlulang, bludru lsp. nganggo timang; di-[x]: dimangsak (tmr. wlulang). (A) kn. ak: bausastra.
kamusakatan: kn. ak kêcingkrangan, kamlaratan.
kamohan: kn. ak amoh, suwèk.
kamohitan: kw nandhang sêdhih (susah).
kamoksan: kw luwaring bêbandaning donya; kc. moksa.
kamoran: êngg. kn kêcampuran; kc. amor, wor.
kamot: n. kawrat k 1 ak. diêmot ing; 2 dicakup ing, disêbutake ing (layang lsp); kc. mot.
kampah, kampêh: êngg. kn 1 mandhêg, lèrèn; 2 ngaso ing dalan lsp; kc. ampah.
kampak: I kn wadung gêdhe tanpa sangkal. II êngg. kn: maling kèhe 4 ut. 5; di-[x] êngg: dilêboni ing kampak.
kampèk: êngg. kn 1 bantal; 2 (lumbung [x]) lumbung cilik; [x]-an êngg: bngs. kanthong dianggo wadhah sandhangan lsp; kc. kêpèk.
kampêmèn: (W) kn omahing para opsir.
kampêr: (W) kn kapur barus.
kampi: pc kampiyun.
kampiyun: (W) kn 1 kang pinunjul dhewe (ing babagan olah raga, lsp); 2 pc. kang bêcik dhewe, pinunjul.
kampil: (-an) 1 kn. kanthong cilik kang digawe mendhong dianggo wadhah dhuwit; 2 êngg. k. bantal.
kampir: k. ak mampir; [x]-an kn: 1 diampiri, didhayohi sêdhela; 2 ak. disurupi ing lêlêmbut; kc. ampir.
kampita: (S) kw 1 orêg, oyag; 2 kagèt; 3 susah bangêt, kuwatir.
kampyak: kn. ak katut diampyak; kc. ampyak.
kamplèh-kamplèh: êngg. pc saèm. gamblèh-gamblèh.
(kamplèng): di-[x] êngg. kn dianggar ing ngiringan (tmr. kêris).
(kamplêng): di-[x] êngg. kn dijotos êndhase.

kamplung: pc 1 kêcêmplung; 2 êntèk katut diênggo.
kamplong: êngg. kn tela gantung, katès.
kampuh: I kn. ak kalah, kasoran; kc. kampah. II ki: dodot.
kampul-kampul: kn kumambang ing banyu; kc. kumampul.
kampung: kn 1 êngg. pakarangan, pomahan; 2 klumpukaning pomahan-pomahan dadi pêperanganing kutha; 3 (omah [x]) wanguning omah wujud êmpyak papat nganggo tutup-keyong; 4 êngg. wong desa kang mung duwe pomahan (ora duwe bageyan sawah); 5 êngg. bngs. pulisi ing desa.
kampong: êngg. kn kampung.
kampot: êngg. kn. limang bêntèlan pari.
kamprèt: I êngg. kn. bngs. lawa cilik. II ut. kamprêt pc: ciyut bangêt, cilik bangêt.
kamprêng-kamprêng: êngg. kn. lunga sanja-sanja.
kamrat: I kw. kamot ing. II ut. [x]-an êngg. kn: kêkancan, kêkumpulan.
kamsin kn. ak: riyaya Pantekostah.
kamsol: êngg. ak. bngs. klambi lêngênane dawa.
kan: I êngg. pc. rak, jêr. II (W) kn: bngs. teko kang digawe porsêlin.
kana: n. ngrika k. panuduh panggonan kang adoh; [x]-[x] pc: ingêndi-êndi; ing kanane: 1 pc. ing alam liya; 2 ana ing sajroning pangimpèn.
kanabeyan: kn. jaman lsp. para nabi.
kanaka: I (S) kw. êmas. II kw: kuku.
kanal: (W) kn. kali susukan (sidhatan).
kanan: êngg. kn. 1 têngên; 2 iring kang têngên (tmr. prau).
kanana: (S) kw. ak alas.
kanan-kèri: (-kering, -kiri) êngg. kn kiwa têngên.
kanang: kw ingkang (panuduh panyilah).
kanas: êngg. kn nanas.
kandara: (S) kw. ak êcis.
kandarpa: (S) kw. ak katrêsnan, sih, sêngsêm.
kandêl: I kn 1 kêna dipracaya (diêndêl); 2 ngandêl marang, ngêndêlake; kc. andêl. II kn: 1 kb. tipis; 2 ak. kênthêl tmr. kopi lsp; 3 pc. akèh dhuwite (sangune, pawitane lsp); [x] kulite ([x] kupinge): ora rumangsan, ora duwe isin.
kandêlan: k pêndhok.
--- 185 ---
kandonane ~ kantru.
kandonane: pc têmahane, wusanane.
kandri: kn ar. wit.
kanjar: (Prs) kn. ak golok; kc. kènjèr, mêkanjar.
kanjat: êngg. kn luwung, lumayan; ora [x] êngg. ora pati kuwat lsp.
kanjêng: pc kangjêng.
kanji: I kn wis ora wani manèh. II kn: jurjuran pathi dianggo nyékuli klambi lsp; di-[x]: disêkuli nganggo kanji.
kanjo: êngg. ak mogol, ora dadi.
kandha: n. criyos k 1 (pangandika ki) crita, gunêm kang diucapake; 2 (ngandika ki) clathu, gunêman; di-[x]: digunêm, dicatur; dikandhani n.

dipuncriyosi k. diandikani ki: dituturi, diwènèhi wêruh; dikandhakake n. dipuncriyosakên k. diandikakake ki: dicritakake, diucapake, dituturake marang; kêkandhan n. cêcriyosan k. ngandikan ki: gunêman, omong-omongan.
kandhaga: kn. ak kêndhaga.
kandhah: I êngg kandha. II kw: kêlindhih, kalah; kc. andhah.
kandhang: kn omah ut. papaning kewan ingon (sapi, kêbo, wêdhus lsp); [x] langit kêmul mega pc: wong kang klambrangan; ngandhang: mlêbu ing kandhang; di-[x]-[x] ak: dikupêng ing mungsuh; di-[x]-i: dikurung ing bêthèk lsp; di-[x]-ake: dilêbokake ing kandhang.
kandhangan: kn. ak gadhangan.
kandhap: êngg. k kalah; kc. andhap.
kandhapên: k kèndhèkên.
kandhara: (S) kw gulu.
kandharan: êngg. kn kandha, crita; kc. andar.
kandhas: kn 1 wis nggêpok dhasaring banyu (tmr. timba lsp); 2 nggêpok dhasaring kali ut. sêgara (tmr. prau); 3 ak. wis tumêka ing dhasar, wis pantog; 4 pc. wis kêntèkan dhuwit, kêmlaratan lsp; [x]-an: papan kang cêthèk (tmr. sêgara).
kandhat: I êngg. ak sandhat. II kw: mandhêg, lèrèn; kc. kêndhat
kandhèh: kn. ak wis mari (ora nindakake manèh).
kandhèk: êngg. kn kandhi.
kandhêg: kn kêpêksa mandhêg, ora têrus; kc. andhêg.
kandhêh: kw kêlindhih, kalah; kc. kandhuh.
kandhi: êngg. ak bngs. kanthong kang digawe bagor lsp.
kandhih: kn. ak kalah, têluk, kasoran; kc. êndhih.
kandhil: kn. ak diyan.
kandhuhan, kandhohan: kw kêmomotan (kêpêtêk) ing, kêlindhih; [x] brangta: kêsêngsêm, kedanan.
(kandhut): di-[x] kn 1 digawa (disimpêni) sarana dilêbokake ing sabuk (ing wêtêng); 2 dirêndhêm sajroning ati (tmr. rasa wêdi, prihatin, mangkêl lsp) ora dilairake; ngandhut: mêtêng; [x]-an: 1 apa-apa kang dikandhut; 2 ent. rasa prihatin lsp. kang dikandhut; 3 wêtêngan.
kaneman: k kanoman.
kanêm: kn 1 kang kaping nêm; 2 mangsa kaping nêm (9 Nopèmbêr - 22 Desèmbêr); [x] têngah: 5½.
kaniaya: kn 1 tindak milara; 2 tindak sawênang-wênang; di-[x]: dipilara sawênang-wênang; kc. aniaya.
kanigantên: êngg. k kanigara.
kanigara: kuluk [x] kn kuluk irêng mawa plisir mas cêcawangan.
kanil: kn santên kang kênthêl.
kanin kw tatu, kêtaton; di-[x]-i kw: ditatoni.
kaninditan: kw kaluwihan; kc. nindita.
kaning, kani:pc kanil.
kaningaya: kn. ak kaniaya.
kanistha: (S) kw. ak asor, rèmèh, nistha.
kanugrahan: kw ganjaran, kaslamêtan lan karaharjan; kc. nugraha.

kanuragan: kw kadhotan.
kanohan: kw kabêgjan.
kanoman: kn. (kanèman k. ak) 1 gêgolongan ut. kang kalêbu nomnoman; 2 wêwêngkon ut. kang kagolong karèrèhaning Pangeran Pati; 3 êngg. wong-wong sing isih ênom; kc. nom.
kantaka: kw sêmaput.
kantar: I [x]-an bau kw nangkis (namèngi) nganggo lêngên. II (ma-) [x]-[x] kw: murub mubyar-mubyar.
kante: êngg. k lawe.
kantèk: êngg. pc nganti.
kantèn: (-an) n. kantos(-an) k. ak sranta, bisa nyabarake.
kantêb: kn 1 tiba bokonge kêtatab ing lêmah (ut. awake kabèh); 2 pc. nêmahi cilaka, kasusahan bangêt; kc. antêb.
kantên: I êngg. k. ak kali. II [x]-an k: karuhan.
kanti: I êngg. pc. n. kantos k 1 nganti, kongsi; 2 sranta, bisa nyabarake; kc. kantèn, kantèk. II (S) kw. ak: cahya, sorot.
kantil-kantil: kn gumantung ing tali, pang lsp; kc. kumantil, kanthil.
kantin: (W) kn kamar kasukan ut. minuman lsp (ing bètèng).
kantu: I kn kêntèkan kasèb ênggone ngêjogi, têndhag. II 1 êngg. lêgêg-lêgêg dening sêdhih; 2 kw. klêngêr, sêmaput.
kantug: êngg. kn kêtug, têkan ing.
kantuk: êngg. pc. k olèh; [x]-an pc. k: olèhan.
kantukan: k. ak kulihan.
kantun: k kari, kèri.
kantor: (-an) (W) kn 1 omah (papan) dianggo ngurus babagan tulis-tulisan, pajêg lsp; 2 meja panulisan nganggo slorokan; [x] bang ([x] wang pc): kantor babagan urusan dhuwit (nyèlèngi, ngutangi lsp); [x] kawat: kantor tilgram ut. telepon; [x] pos: kantor babagan urusan layang-layang kiriman lsp.
kantos: êngg. pc. k kanti.
kantra: kw kawêruhan ing akèh, misuwur; kc. kontra.
kantrak: kn. ak katrak.
(kantring): kc kontrang-kantring(-an).
kantru: I êngg. kn kantu. II [x]-[x] êngg. kn. lêgêg-lêgêg marga sêdhih.
--- 186 ---
kantrog ~ kaum.
kantrog: kn oyag kabèh marga tiba lsp; kc. êntrog.
kanca: kn rowang, mitra (tunggal panggawean, sêdya lsp); 2 êngg. warganing pangrèh desa; [x] desa ([x] nêgara) ak: wong kang tunggal desa (nêgara); [x] buri ([x] wadon) n. kanca wingking (èstri) k. pc: bojo (somah); dikancani: diwènèhi kanca, dikumpuli.
kancana: (S) kw êmas.
kancetan: êngg. kn ganthètan, gandhèng rakêt; kc. kanthèt.
kancikan: kn. ak 1 diênciki, diambah; 2 disurupi dhêmit (tmr. prewangan); kc. ancik.
kancil: kn bngs. kidang cilik.

kancilên: kn. ak 1 matane mêndêlik bae marga saka wêdi bangêt; 2 ora bisa turu-turu.
kancing: kn 1 sindik (slorokan lsp) kang dianggo pikukuh lawang (cêndhela lsp) supaya ora kêna diwêngakake; 2 êngg. pc. bênik; 3 ([x] cangkême) cangkême tumutup (marga sêmaput lsp); [x] gêlung: bngs. susuk kondhe; di-[x]: disindik (dikunci lsp) supaya ora kêna diwêngakake; kêkancingan: layang katêtêpan saka panggêdhe.
kancit: kw tumuli, ora antara suwe.
kanclêb, kanclêp: êngg. kn kacêp, tumancêb.
kancuh: (-an) kn. ak 1 kanca; 2 jodho, gandhokan.
kantha: I kn. ak wêwujudan, blêgêring wujud; di-[x] br: dièmpêr kaya, diwujudi kaya, dikira-kira; tanpa [x] tanpa kanthi br: 1 ora maujud; 2 pc. ora nganggo kanca babar pisan. II (S) kw: gulu.
kanthèn: ut. kêkanthèn(-tangan) kn gêgandhèngan; kc. kanthi.
kanthèt: I pc cilik nanging kiyêng (kukuh). II di-[x](-i), (di-[x]-ake ak) kn: 1 digandhèng (disambung) karo; 2 ditalèni digantungake; kc. ganthèt.
kanthi: kn 1 rowang, kang minangka kanca; 2 kalawan, binarêngan ing; di-[x]: 1 diajak dianggo rowang; 2 digandhèng (tangane); dikanthèni: dikancani, diwènèhi kanthi; 2 dibarêngi ing; dikanthèkake: 1 diwènèhake supaya dadi kanthi; 2 dikatutake (dibarêngake) marang.
kanthil: I kn 1 gumantung ing; 2 ak. tansah lumèngkèt marang; di-[x] êngg: ora dibayar ut. diwènèhake kabèh (ana kang diênthêt); di-[x]-i: digantungi barang kang cilik-cilik; di-[x]-ake: 1 digantungake ing; 2 pc. dinunutake ing; [x]-an: 1 apa-apa kang dikanthilake; 2 ak. wêlingan lsp. kang dinunutake; kc. kumanthil. II kn. ak: 1 ambèn, lincak (paturon): 2 bandhosa. III kn: ar. kêmbang.
kanthing: I êngg. kn ar. prau cilik. II di-[x]-[x] pc: tansah digawa sêmu diathungake.
kanthong: kn wadhah kang digawe lawon lsp. nganggo sindhêtan (koloran); [x]-an: sak ing klambi; di-[x]-i: dilêbokake ing kanthongan.
kanya, kanyaka: (S) kw. ak prawan.
kanya, kanyaka: kw prawan; kc. kênya.
kanyaran: kn lagi wiwitan (isih anyar); kc. anyar.
kanyataan: kn prakara kang nyata; kc. nyata.
kanyêl: pc kacêl.
kanyut: kw katut, kèli; kc. kènyut.
kang: I (êngg. k) n. ingkang k 1 sing; 2 ki. -e, -mu. II pc: 1 kakang; 2 êngg. pc. panyêbut marang wong lanang kang rada asor pangkate; [x] bok êngg: êmbok-ayu; [x] (ba)gus êngg: kisanak; [x]-mas: kakang.
kangjêng: kn sêsêbutaning para priyayi luhur (bupati, patih lsp).
kangèlan: kn 1 kanthi rêkasa lan angèl (ênggone nindakake); 2 rêkasa; 3 nandhang rêkasa; kc. angèl.
kangên: kn tansah kèlingan sarta kêpengin kêtêmu karo kang ditinggal (kang tinrêsnan); di-[x]-i: diangên-angên lan diarêp-arêp bisa kêtêmu; kc. angên-angên.
kangge: k kanggo.

kanggêg, kanggêk: kn 1 kandhêg, ora bisa têrus; 2 ([x] atine) kagol atine, ora têgêl.
kanggêp: kn dianggêp bêcik pasuwitane (pagaweane lsp); kc. anggêp.
kanggo: n. kangge k. kagêm ki 1 dianggo, dipigunakake; 2 kêna dipigunakake; 3 bisa payu (laku); 4 wis ana sing nganggo (tmr. panggonan lsp); 5 pc. tumrap marang; 6 pc. kanggêp bangêt pasuwitane; kc. anggo, nganggo.
kanggonan: n. kanggènan k kadunungan ing (barang lsp); kc. ênggon.
kanginan: kn 1 kêna ing angin; 2 rada lara masuk angin; kc. angin.
kangkam: kw pêdhang.
kangkat: kn. ak kêna diangkat, kuwat; kc. angkat.
kangkung: kn ar. têtuwuhan dianggo janganan.
kangkrang, kangrang: êngg. kn ngangrang, rangrang.
kangsèk: êngg. pc kongsi, nganti.
kangsèn: I êngg. kn tala tawon. II ut. [x]-an kn: sêmayan.
kangsi: I êngg. kn tala tawon. II êngg. pc: kongsi, nganti. III ut. ma-[x] kw: kumpul, ngumpul.
kangsrah: kn kambah ing lêmah (tmr. jarit lsp); kc. klangsrah.
kangsong: kn. ak wis manuh, ora jiguh; kc. kawong.
kau: kn 1 ora luwês, sarwa wagu; 2 êngg. butêng, ora sabaran.
kauban: kn keyuban, katutupan; kc. aub.
kaul: (-an) kn ngluwari ujar (marga wis katurutan kang dadi pangarêp-arêpe); di-[x]-i: dinadari bakal midhang lsp. samangsa mari (kêlakon kang disêsuwun); kc. kaol.
kaula: êngg. k. ak aku, -ku; kc. kawula.
kaum: (A) kn 1 ak. bangsa, krabat, golongan; 2 imam Islam ing pakampungan ut. padesan; [x]-an: kampung padunungane wong-wong kang padha tumêmên ênggone nglakoni agama Islam (sakubênge mêsjid).
--- 187 ---
kaum buruh ~ kapindra.
kaum buruh: kn gêgolonganing wong kang padha bêburuh.
kaum kolot: kn wong-wong kang nggêgêgi panêmu kuna.
kaum mudha: kn gêgolonganing wong-wong kang ênom (nggêgêgi panêmu kang anyar).
kaunang-unang, kaonang-onang: kw misuwur.
kaundhakan: n. kaindhakan k 1 diundhaki; 2 wuwuhan (ing panêmu lsp); kc. undhak.
kauntungan: êngg. pc 1 kabêgjan; 2 bêbathèn; kc. untung.
kaur: êngg. ak kobêr.
kaurmatan: kn. ak 1 diurmati; 2 pakurmatan, kc. urmat.
kautaman: kn 1 tindak wêwatakan kang bêcik; 2 kabêcikan, kaluhuran; kc. utama.
kauwusan: kn. ak 1 diuwisi; 2 pungkasan, wasana; kc. uwus.
kao: êngg kau.
kaoyah: kn. ak 1 cukit; 2 koyah.
kaol: (-an) (A) êngg. ak 1 ujar; 2 crita, gunêm; 3 sêngadi, santolan.

kaop: ora [x](-an) êngg. ak 1 ora prêdulèn; 2 ora tampikan, apa-apa arêp.
kaos: I êngg. k kaji. II (W) kn: 1 ([x] sikil, [x] tangan) mojah sikil (tangan); 2 ([x] diyan) bngs. bakal rangrangan dianggo sumbu diyan (ngundhakake urube); 3 (klambi [x]) klambi rangkêpan bakale ngangrangan ut. lêmês.
kaot: 1 êngg. ak. linuwih, pinunjul; 2 k. kacèk.
kapa: ut. kakapa êngg. kn lapak; dikapani êngg: dilapaki.
kapah: I êngg. kn ngoncèki kopi; kc. kampah. II [x]-[x] pc: têlês bangêt; kc. kopoh.
(kapak): di-[x]-ake n. dipunpunapakakên k ditamani patrap (tindak) apa (kêpriye).
kapal: I kn kulit kang dadi kandêl lan atos; ngapal ak: 1 mêtu kapale; 2 pc. wis manuh bangêt. II k: jaran. III ([x] api) kn: prau gêdhe.
kapala: (S) kw 1 êndhas; 2 lêlurah, pangarêp;kc. kêpala.
kapan: I n. benjing (kala) punapa k 1 besuk apa; 2 pc. samangsa; [x]-[x] ak: samangsa-mangsa. II (A) kn. ak: ulês mayit; di-[x]-i: diulêsi.
kapandhitan: kw 1 kawicaksanan; 2 tindak kang gêgayutan karo babagan pêndhita; kc. pandhita.
kapanewon: kn wêwêngkon (omah, bawah lsp) ing panèwu.
kapanujon: kn 1 kêbênêran, pinuju; 2 ([x] ing ati) ndadèkake sênênging atine; kc. panuju.
kapang: kn. ak padha ngadêg (linggih) mangun satêngah buwêngan; [x]-[x]: 1 ak. mêthukake tangane mulung kaya arêp ngrangkul; 2 êngg. kêsusu bangêt, katon gita-gita.
kapara: kn. ak kêpara.
kaparat: kn. ak kêparat.
kapas: kn ar. wit kang wohe ngêtokake bngs. kapuk.
kapat: 1 (n. kasakawan k) ak. kang kaping 4; 2 ar. mangsa kang kaping 4 (18 Sèptèmbêr - 25 Oktobêr); [x] têngah: 3½; [x] tèng êngg: 35 sèn; [x] cilik êngg. pc: 3½ sèn.
kapatêdhan: kn. ak diparingi, diwènèhi (diganjar); kc. patêdhan.
kapatihan: (kapatosan k. ak) kn dalêm (kantor)ing patih.
kapacirit: êngg. ak kêcerit.
kapenak: kc. kêpenak.
kapenakan: k kaponakan.
kapêjêng: kn. ak bangêt, kanthi karosan, ngêtog.
kapênêr: kn. ak kêpêrnah; kc. kêbênêr, pênêr.
kapêntingan: êngg. pc kapêrluan, kabutuhan; kc. pênting.
kapênthowok: êngg. pc kêprêgok, kêpêngkok.
kapêngkêr: k kapungkur.
kapêp: kn. ak ditutup ana ing wadhah ora kanginan.
kapêr: kn bngs. kupu cilik.
kapêrluan: kn 1 kabutuhan, prakara kang pêrlu dilakoni (ditindakake); 2 kang akèh gunane (paedahe); kc. pêrlu.
kapêrnah: kn 1 dumunung ing; 2 gêgayutaning pasêduluran kapênêr ...; kc. pêrnah.

kapês-kapês: êngg. pc êmpuk yèn dipèjèt pulih; kc. gabês.
kapêsan: kn kacilakan, nandhang apês; kc. apês.
kapêtêk: br diênêtake; kc. pêtêk.
kapêtêl: kn 1 dipêtêl; 2 dipêksa ing; kc. pêtêl.
kapêtêngan: kn 1 kêsaput ing pêpêtêng, dipêtêngi; 2 êngg. bngs. jaga-malêm, pulisi sandi; kc. pêtêng.
kapi: (S) kw kêthèk.
kapi-adrêng: kw adrêng bangêt, kumudu-kudu; kc. adrêng.
kapiandêl: kn. ak gampang ngandêle; kc. andêl.
kapiandhêm: kw mêmpêng bangêt ênggone mlayu; kc. andhêm.
kapiasêm: êngg. kn ngguyu ut. mèsêm dhewekan.
kapidêrêng: kn. ak adrêng bangêt.
kapidulur: kw ngumpul karo.
kapidhara: kw klêngêr, sêmaput.
kapidhondhong: kn. ak kêdhondhong.
kapiênêng: kw mênêng bae.
kapiyat: kn. ak piguna, paedah.
kapikiran: n. pamanahan k. ak gagasan; kc. pikir.
kapila: I (S) kw. ak abang ênom. II ut. kapilah (A) kn. ak: sudagar (kang lêlungan bêbarêngan akèh).
kapilayu, kapiluyu: kw klayu, kumudu mèlu.
kapilare: k. (kamibocahên ak): mbocahi.
kapilêng: (-ên) kn. ak brêbêg bangêt.
kapiluh: kw kaca-kaca matane; kc. luh.
kapiluyu: kw klayu; kc. kapilayu.
kapindra: kw ratuning kêthèk.
--- 188 ---
kapindho ~ karampungan.
kapindho: n. kaping kalih k kang ping 2; kc. pindho.
kapinêng: kw mênêng bae.
kapinujon: kn kêbênêran; kc. pinuju.
kapinta: kw sêdhih; kc. kapita.
kapintên: k kapiran.
kapintêran: kn kabisan; kc. pintêr.
kaping: k ping.
kaping-kaping: êngg. kn kêrêp bangêt.
kapir: (A) kn wong kang ora pracaya ing Allah.
kapiran: n. kapintên k ora kopèn (ora dirêmbug babar pisan).
kapirangu: kw rangu-rangu, gojag-gajêg.
kapirênan: kn. ak sênêng atine; kc. rêna.
kapirêng: k. ak krungu.
kapisan: (S) kw. ak kang kaping 1, kang dhisik; kc. pisan.
kapiswara: (S) kw ratuning kêthèk.
kapit: kn. ak diapit-apit; kc. apit, kopat-kapit.
kapita: kw sêdhih, sumêlang.
kapitan: (W) kn. ak 1 ar. pangkat panggêdhe saradhadhu; 2 panggêdhe kapal; kc. kaptin.

kapitêmên: kn. ak têmên-têmên.
kapitênggêngên: kn. ak ndêlêng njêngêr.
kapitu: kn 1 kang kaping 7; 2 ar. mangsa kang kaping 7 (22 Desèmbêr - 3 Pebruwari).
kapitunan: kn 1 (nandhang) tuna; 2 pc. gêgêntining tuna; kc. tuna.
kapitut: kw manut, katut.
kapya: kw padha; kc. kapwa.
kapyuk: mak [x] pc pêpindhan swaraning banyu disêmpyokake; di-[x](-i): disêmpyok(disirati) ing banyu lsp.
kaplak: pc wis tuwa bangêt; kc. ngaplak.
kaplaksana: kw diukum; kc. klaksana.
kaplêngên: kn kêbrêbêgên.
kapu: kn. ak wulu (klika) kang pating jlêbut; nganti [x]-[x] ak: nganti tuwa bangêt.
kapujanggan: kn 1 kapintêran bab basa sarta ulah kêkarangan; 2 babagan kêkarangan; kc. pujangga.
kapuk: kn isining randhu (kapas) kang putih pating jlêbut.
kapul: êngg. kn tampar lulup.
kapulaga: kn ar. têtuwuhan wohe dianggo jamu lsp.
kapulunan: êng. ak pulunan.
kapuloan: kn kaklumpukaning pulo-pulo.
kapundhung: kn. ak kêpundhung.
kapung, kampung: êngg. kn mumpung.
kapur: I kn isèn-isèning susu sapi (kêbo lsp) rupane putih kapês-kapês. II kn: 1 gamping kang wis diobong; 2 ([x] tulis, [x] wlanda ak) gamping sing wis dimangsak dicithak giligan lsp. dianggo nulis. III ([x] barus) kn: kampêr asal saka blêndoking wit.
kapuranta: kn (abang [x]) abang ênom, abang sêmu kuning.
kapurancang: kn. ak wilahan pring dilancipi ditata pating crongot kapasang ing pagêr bata lsp; ngapurancang: tangan kagathukake drijine tlusup-tlusupan.
kapurih: kn dikon, dipurih nindakake; kc. purih.
kapurit: kn ar. iwak loh.
kapurunan: k kawanèn, kuwanèn.
kapusan: kn kêna ing apus; kc. apus.
kaput: êngg. kn rêgêd marga padha thêthêl lsp.
kaputihan: êngg. ak mutihan.
kaputrèn: kn panggonane para putri; kc. raja kaputrèn.
kapo: kw. ak kabèh, padha; kc. kapwa.
kapodhang: kn. ak ar. manuk; kc. (kê-) podhang.
kapok: kn wis ora wani ut. ora gêlêm nglakoni manèh; [x] lombok pc: ênggone kapok mung sadhela; di-[x]-ake: ditandangi lsp. supaya kapok.
kapok kawus: kn. ak wis kapok bangêt.
kaponakan: n. kapenakan k anaking sêdulur.
kaporan: kn. ak lêmês dening sayah bangêt; kc. por.

kaprabon: kn 1 panganggo lsp. agêming ratu; 2 pangkating ratu; 3 pc. panganggo dhinês; kc. prabu.
kaprajuritan: kn. ak panganggoning prajurit; 2 sipating prajurit.
kaprah: kn lumrah (ing akèh).
kapracundhang, kapracondhang: kw kalah.
kaprawiran: kw kakêndêlan.
kaprès: kn. ak gabrès.
kapri: kn bngs. kara.
kapribadèn: kn 1 kawasisaning nênindakake; 2 pc. kapintêran; kc. prigêl.
kapriyayèn: n. kapriyantunan k kang gêgayutan karo adêg ut. pangkating priyayi.
kapti: kw karêp.
kaptin: kn 1 ar. pangkat panggêdhe saradhadhu; 2 panggêdhe kapal.
kapcao, kapsao: (C) kn bngs. teko porong.
kapwa: kw kabèh, padha.
kar: gambar [x] kn gambar bumi.
kara: I kn ar. têtuwuhan rambat wohe kaya klenthang. II ora ana [x]-[x] kawis-kawis k. ak): ora ana alangan apa-apa (ora apa-apa). III (S) kw. ak: tangan, driji, tlale.
karaba: (S) kw. ak anak gajah.
karabin: (W) kn bedhil cilik.
karad: kw kalap (ing lêlêmbut); kc. arad.
karajinan: kn kasrêgêpan (bab gêgawean).
karag: kn sêga (ut. dang-dangan gaplèk) kang digaringake.
karah: kn alèn-alèn wêsi pikukuhing garan arit lsp.
karahayon: kn. (karahajêngan k. ak. karaharjan kw) kabêgjan, katêntrêman; kc. rahayu.
karahatan: kw kêna, kêtaton.
karam: (A) kn ora kêna dilakoni marga dilarangi ing anggêr-anggêring agama (Islam); di-[x]-ake: dianggêp karam.
karam-jadah: (A) kn. ak: anaking wong dhêmênan.
karampungan: kn 1 br. dirampungi;
--- 189 ---
2 pc. putusan, katêtêpan; 3 pancasaning pangadilan; kc. rampung.
karan ~ karuk.
karan: I kn ([x] anak lsp) diarani (disêbut jênênge) miturut (jênênging anake lsp). II ut. karane êngg: sêbab, jalaran; kc. karana, krana.
karana: kn sêbab, jalaran; kc. krana.
karandhan: kn. ak omah ut. padununganing randha.
karandhang: kn ar. têtuwuhan saèm. bêngkowang.
karanta-ranta, karantan: kw kêlara-lara, krasa-rasa.
karantên: êngg. k karana, krana.
karang: I kn 1 padhas ing sêgara; 2 (ut. [x]-an) bngs. mêrjan. II êngg. ak: 1 wit krambil; 2 kêbon krambil; 3 pomahan, pakarangan; 4 kadunungan, panggonan. III êngg. kn: mula mêngkono saka pangiraku; di-[x]: 1 ak. dironce; 2 êngg. ak. dikira-kira, ditêksir; 3

dianggit (digawe tmr. kasusastran, crita lsp); [x]-an: 1 ak. roncèn; 2 êngg. ak. têksiran, pangira; 3 anggitan babagan layang, crita lsp. IV mang-[x] kw: sêdhih, kêsêngsêm.
karang-abang: dadi (digawe) [x] kw (di-)rusak sarana diobong lsp.
karangên: n. kawisên k kamban lête; kc. arang.
karang-kitri: (-kirna ak) kn wit-witan kang ngêtokake woh ing pomahan.
karang-kopèk: (-kopèn ak) kn 1 desa kang ora duwe sawah; 2 mung duwe pakarangan (tmr. wong ing desa).
karang-mêlok: kn kêmbang dironce diwangun bundêr dianggo rêrênggan.
karang-ulu: kw bantal; dikarang-ulu kn: dipèk bojo (tmr. wrandhaning sêdulur).
kararap: kw klarap.
kararas: kw 1 dilaras; 2 klaras.
karas: kn 1 êngg. ak. pomahan, pakarangan; 2 (wong [x]) êngg. wong kang mung duwe pomahan (ing padesan); 3 luwangan ing kuburan kang ditutupi glogor (blabag) kanggo nyèlèhake mayit kang dipêndhêm; kc. koras.
karasa-rasa: kn. ak kêlara-lara, sêdhih.
karasikan: kw kanikmatan, sacumbana.
karat: (W) kn 1 ukuran murnining êmas; 2 ukuran boboting barleyan.
karatala: (S) kw èpèk-èpèk.
karaton: kn. ak kraton.
kara-wêlang: kn ar. tumbak.
karawistha: kw rêrênggan (pêpasrèn).
kardi, kardos: kw 1 pagawean, gawe; 2 nindakake.
kardin: êngg. pc gêbêr.
kare: kn ar. olah-olahan.
karèk: êngg. pc kari.
karèn: n. kantunan k turahan; [x]-[x]: kang kari dhewe, pungkasane; kc. kari.
karepotan: êngg. pc repot.
karesidhènan: kn 1 wêwêngkon bawahing residhèn; 2 omah ut. kantoring residhèn.
karèt: I kn 1 ar. wit kang tlutuhe dimangsak dadi dandanan warna-warna (ban pit lsp); 2 tabuh gong kang nganggo blêbêd mbêndhol ing pucuke; di-[x]: dibusêk nganggo karèt (tmr. tulisan). II di-[x](-i) kn: diongoti (tmr. potlot). III (nomêr [x]) pc: kang kari dhewe (tmr. balapan lsp).
kareta: kn. ak kc. kreta.
karêbèn: n. kajêngipun k 1 ya bèn, cikbèn; 2 supaya.
karêjêkèn: kn. ak olèh rêjêki akèh.
karêm: I kn. ak kèrêm. II kn: ak. sênêng marang; 2 sênêng bangêt marang (panganan, tindak ala lsp); di-[x]-i ak: disênêngi bangêt.
karênan: kn. ak sênêng atine; kc. rêna.
karênêng-rênêng: kn. ak ngêtog kakuwatane.

karêngkêng-rêngkêng: kn. ak kanthi rêkasa bangêt.
karêp: n. kajêng k. karsa ki 1 niyat nêdya nênindakakе lsp; 2 maksud (ing têmbung lsp); 3 ak. kalawan sênêng ênggone nindakake; di-[x]-i: 1 dipilih lsp. nêdya dipèk; 2 diarêpi; di-[x]-ake: 1 dipengini; 2 dimaksudake; kc. arêp.
karêsmèn: kw sacumbana; kc. rêsmi.
karga: kw 1 wadhah kang digawe wlulang; 2, kêris.
kari: n. kantun k 1 dumunung ing buri; 2 ora mèlu, ditinggal ana ing omah; 3 ak. kalah karo; 4 turah, isih turah; 5 isih kurang ..., up. mung [x] rong dina; 6 wasana, kang pungkasan; 7 mung kudu nindakake sathithik bae, up. ora susah tuku, mung [x] mangan bae; 8 kasèp têkane; [x]-[x]: bok mênawa pungkasane ...; [x] aran br: dipatèni (ing paprangan lsp); dikarèkake: 1 ditinggal; 2 diturahake; kc. karèn.
(karing): kêkaring êngg. ak dolan-dolan ing jaban omah (ing wayah bêngi).
karipan: kn krasa ngantuk marga bêngine mêntas mêlèk; kc. arip.
karya: I kw 1 pagawean; 2 gawe, nindakake; 3 êngg. ak. pagawean tukang; kc. pakaryan. II kn. ak. 4 bau.
karya-desa: n. (-dhusun k) êngg: pagawean dhinês ing padesan.
karya-nêgara: (-nêgari k) êngg: saèm. gugur-gunung.
karkasa: (S) kw sêru, bantêr.
karkat: kn. ak kêrkat.
karkatha: (S) kw. ak yuyu.
karma: (S) kw tindak kang linakonan.
karna: (S) kw kuping; cs. 2.
karni: (S) kw. ak: kuping; cs. 2.
(karu): di-[x] kn diudhêg lan disiram banyu ana ing pêngaron (tmr. bêras kang diêdang lagi satêngah matêng); ngaru napung pr: nindakake pagawean ut. nêmu rêribêd bêbarêngan.
(karug): di-[x] kn. ak diarug (tmr. lêmah).
karugian: pc kapitunan.
karuh: I êngg. [x]-an n kantênan k wis gênah (-têrang); di-[x]-ake: digênahake, ditakok-takokake kêpriye gênahe; kc. karuwan. II ut. kêkaruh, mitra karuh kn: kawanuhan, têpungan.
karuhun: kw biyèn, dhisik.
karuk: kn 1 kêmbang jambu (randhu
--- 190 ---
lsp); 2 sêga aking; kc. kêmaruk.
karuksan ~ kasdu.
karuksan: kw kêrusakan.
Karun: amal [x], donya [x] kn. ak raja-brana kang kêpêndhêm.
karuna: kw nangis.
karuni, karunika: (S) kw. ak wêlas, kawêlasan.
karunya: (S) kw. ak wêlas, sih, ganjaran.
karung: I kn 1 êngg. bngs. goni; 2 kanthongan gêdhe (wadhah bêras, gula pasir lsp); di-[x]: diwadhahi ing karung. II di-[x] kn: dituntun ing wong loro kiwa têngên (tmr. jaran).

karungrungan: kw gêndhêng dening kêsêngsêm.
karus: êngg. kn cilaka.
karusakan: n. karisakan k nêmahi rusak, kaanan kang rusak.
karut: kn jagung ênom; cangkêm [x] ks: nggragas, apa-apa dipangan.
karuwan: n. kantênan k 1 wis gênah (-têrang); 2 êngg. pc. mêsthi; durung [x]: durung mêsthi, durung têrang; ora [x]: ora tata, ora nganggo pranatan, worsuh.
karo: I n. kalih k 1 ak. kapindho; 2 ar. mangsa kang kapindho (2-24 Agustus); [x] bêlah ak: 150; [x] bêlah èwu ak: 1500; [x] pèsèr, [x] rini, [x] sigar êngg. ak: 1½ sèn (dhuwit); [x] tèng: 1 12½ sèn; 2 êngg. 15 sèn; [x] têngah: 1½. II n. kalih. k. pc. kaliyan k: 1 lan uga, up. aku [x] kowe; 2 lan, up. nêm [x] pitu têlulas; 3 bêbarêngan ênggone nindakake, up. maca [x] mangan; 4 tinimbang (ditandhing), Sêmarang [x] Surabaya rame Surabaya; 5 marang, tumrap marang, mungguh ing, up. ora kandha [x] aku, urmat [x] wong tuwa; 6 pc. nganggo, srana, up. dipênthung [x] alu; 7 pc. dening, up. disrêngêni [x] êmbahne; karo-karone, sakarone, karo pisan: loro kabèh katut; [x] dene (manèh) n. kalih dene (malih) k: lan manèh, apa dene, luwih-luwih; kc. karon.
karoban: kw kêbanjiran, kêlêban; kc. rob.
karoh: êngg. kn kawanuhan, têpungan; kc. karuh.
karohanèn: kn. ak babagan rohani.
karon: I kn. ak kang dikaru (tmr. bêras, sêtêngah matêng); kc. karu. II di-[x]-i n. dipun kalihi k. ak: dibut karo, ditandangi wong loro; kc. karo. III [x] asmara ([x] jiwa, [x] lulut, [x] sih) kw: sanggama; kc. karo.
karongrong: kw bêbarêngan (suka-suka, mat-matan).
karosan: kn kakuwatan; kc. rosa.
karsa: ki 1 arêp; 2 karêp; kc. kêrsa.
karsèt: kn bngs. rante dawa kang digawe mas lsp. (dianggo kalung rêrênggan, tali jam lsp).
karta: (-karti) kw tata têntrêm; kc. kêrta.
kartiyasa: kw 1 ak. misuwur; 2 pintêr, linuwih.
kartika: kw 1 lintang; 2 mangsa kapat.
karti-praja: kn. ak pagawean nêgara.
karti-sampeka: kw reka lan kaprigêlaning pêrang.
kartu: kn. ak kêrtu.
kartu-pos: kn lêmbaran layang ing pos.
karcis: (W) kn girik, layang cilik kanggo nunggang sêpur, nênonton lsp.
kas: I êngg. pc cukat lan gagah (ora nglêmêr); di-[x]-i pc: ditandangi kanthi kamêmpêngan; kc. akas. II êngg: mêntas, lagi bae; [x]-e êngg: bakda, sawise. III kw: têmên-têmên, kaya mêsthine (ênggone nêtêpi kawajiban). IV êngg. pc: kothak. V (W) kn: panyimpênan dhuwit; [x] desa ([x] kraton, [x] nêgara): panyimpênan dhuwit desa (kraton, nêgara); di-[x]: dilêbokake ing kas (disimpên, dicèlèngi).
kasa: kn. Mangsa kang kapisan (22 Juni - 2 Agustus).

kasab: I kn. ak kasap. II (A) kn. ak: 1 pangupa-jiwa, pagawean; 2 dêdagangan.
kasaban: kw katutupan, kasasaban; kc. sasab.
kasabaran: kn wêwatakan sabar sarèh; kc. sabar.
kasadha: kn. ak mangsa kang kaping 12; kc. sadha.
kasagêdan: k kabisan.
kasaguhan: n. kasagahan k apa kang disaguhake; kc. saguh.
kasah: I êngg. kn bngs. klasa (lampit) alus. II kw: kapisah, pisah.
kasaya: (S) kw gurih, cs. 6.
kasak: I kw. ak rusak, dirusak, ditêmpuh. II di-[x] êngg: digosok.
kasaktèn: kn. ak kasêktèn.
kasamêktan: kn. ak sarwa kacukupan sakabèhe; kc. samêkta.
kasampurnan: kn bab sampurnaning ngaurip.
kasantikan: kw kadigdayan; kc. santika.
kasantosan: kn 1 kakuwatan, kukuhing ati lsp; 2 ar. Sakramèn minangka srana nyantosakake piandêl (R.K.); kc. santosa.
kasang: kn. ak bngs. kanthong (dicangklong).
kasangsayan: kw sangsara.
kasangsaran: kn nandhang sangsara, sangsara.
kasap: kn ora alus (tmr. gêgrayangan); di-[x](-i) ak: dikasari, dipêksa.
kasapah: I kw êndhasing palanangan. II êngg: tela kaspa.
kasar: kn ora alus (ent. tmr. tata krama, têtêmbungan, wêwatakan lsp); di-[x](-i): ditandangi kalawan kasar.
kasarasan: k kawarasan, kuwarasan.
kasarjanan: kn panêmu adhêdhasar kawruh; kc. sarjana.
kasarjon: kw sênêng atine; kc. sêrju.
kasartan: kw binarêngan (didokoki, dikanthèni) ing; kc. sarta.
kasatmata: kw kêna didêlêng, katon.
kasatriyan: kn 1 wêwatakaning satriya; 2 golonganing satriya; 3 dalême para putraning nata (ing kraton).
kasdik: kn. ak sidik.
kasdu: êngg. ak 1 gêlêm; 2 arêp; kc. kêsdu.
--- 191 ---
kasehatan ~ kata.
kasehatan: kw kuwarasan; kc. sehat.
kasèk: êngg nganti, kongsi.
kasèkèngan: kn. ak kamlaratan, ringkih; kc. sèkèng.
kasèmbukan: kn. ak ar. têtuwuhan rambat; kc. sèmbukan.
kasèp: kn lungse, kari saka wêktune kang mêsthi; [x]-an: dhuwit pituwas marang wong kasewa sawahe marga tandurane (têbu) kasèp ênggone ngrêmbang (luwih saka satahun).
kasèr: êngg. kn kasèp.
kasèrnê: (W) êngg. pc bètèng, tangsi.
kasêbut: kn disêbutake ing; kc. sêbut.
kasêdya: kn disêdya, dijarag; kc. sêdaya.
kasêja: êngg. kn kasedya.
kasêkêlan: kn nandhang susah; kc. sêkêl.

kasêksèn: kn disêksèni; kc. sêksi.
kasêktèn: kn kuwasa ut. kaluwihan kang ngungkuli kodrat; kc. sêkti.
kasêmbadan: kn 1 kêlakon kang diarêp-arêp; 2 sarwa kêcukupan; kc. sêmbada.
kasêmêkan: ki kêmbên.
kasênêngan: kn apa-apa kang njalari sênêng.
kasêntanan: kn. ak klêbu golonganing sêntananing ratu.
kasêntikan: kw kc. kasantikan.
kasêntosan: kn kc. kasantosan.
kasêngkalan: kn dicirèni ing angkaning taun; kc. sangkala.
kasêngkêlan: kw kc. kasêkêlan.
kasêpisan: kn. ak kang kaping sapisan.
kasêpuhan: kn 1 golonganing wong-wong tuwa; 2 kang klêbu golonganing panjênênganing nata, kb. kanoman; kc. sêpuh.
kasi: pc nganti.
(kasih): kêkasih kn 1 (ut. [x]-an) kang disihi (ditrêsnani); 2 kw. jênêng; di-[x]-i: ditrêsnani bangêt, disihi; kc. asih, sih.
kasiyat: (A) kn dayaning barang (kang migunani ut. kang ngêtokake kaluwihan).
kasil: êngg. ak 1 pamêtu; 2 pamêtu mirunggan; 3 kêlakon ut. kasêmbadan (tmr. panjaluk lsp); kc. asil.
kasinungan: kw 1 diwènèhi; 2 kadunungan (ing wêwatakan, sipat lsp); kc. sinung.
kasingi: kn ar. têtuwuhan.
kasir: kn tukang wang (nyêkêl kas).
kasisahan: êngg. k kasusahan.
kasita: (S) kw. ak misuwur.
kasyasih: kw kawelas-asih, mêmêlas.
kaskaya: 1 kw. kuwat, rosa, kakuwatan; 2 kn. ak. pamêtu, kaya.
kaslamêtan: n. kawilujêngan k. kasugêngan ki: kaanan kang slamêt ora ana sakara-kara; kc. slamêt.
kasmala: (S) kw 1 rêrêgêd. camah; 2 piala, lêlara.
kasmaran: kw kedanan, kêsêngsêm; kc. asmara.
kasub: kw misuwur.
kasud: kn. ak pangajap (pamuji) ala, mèri.
kasudarman: kw 1 kautaman; 2 trêsna marang pêpadha; kc. dêrma.
kasudiran: kw kakêndêlan, kawanèn; kc. sudira.
kasujanan: kn. ak wêwatakan sujana; kc. sujana.
kasugihan: kn 1 kaanan kang ingaran sugih; 2 sakèhing bandha lan barang darbe; kc. sugih.
kasuh: êngg. kn ora tahan; kc. kêsuh.
kasukan: kn 1 br. sênêng-sênêng; 2 main kartu; 3 êngg. k. ronggèng; kc. suka.
kasulayah: kw ambruk, kalah.
kasultanan: kn kang kalêbu (kêbawah) Kangjêng Sultan (Ngayogya).
kasunanan: kn kang kalêbu (kêbawah) Kangjêng Sunan (Solo).

kasunyatan: kw 1 ak. kasuwungan; 2 prakara kang nyata lan luhur bangêt (tmr. ngèlmu kasampurnan).
kasur: kn lèmèk turu kang digawe kanthongan gêdhe isi kapuk; [x] sari br: paturon.
kasusahan: kn 1 nandhang susah; 2 prakara kang njalari susah.
kasusastran: kn kagunan adiluhung kang kalairake sarana basa awujud crita gancaran, têmbang lsp.
kasusilan: kn padatan (tingkah laku) kang bêcik; kc. susila.
kasusra: kw misuwur.
kasut: I êngg. kn bngs. sêlop, cripu tutupan; [x]-an êngg: blabag awangun jantungan digarani dianggo ngêlus tembok lsp. II di-[x] kn: diujêg lan ditata (tmr. kêrtu).
kasutapan: kw babagan ulah tapa.
kasucèn, kasucian: kn 1 suci ut. rêsiking wulu (ngarêpake sêmbahyang); 2 sucining ati (kêlakuan lsp); kc. suci.
kasok: kn 1 ak. diêsokake; 2 kêsêl bangêt; 3 kêbak ut. akèh bangêt (katrêsnan lsp); kc. sok.
kasol: kw rungkad (tmr. wit-witan); kc. sol.
kasongan: kw 1 kayoman, kauban; 2 kêpanasan ut. kêpadhangan ing (srêngenge).
kasor: (-an) kn kalah; kc. sor, asor.
kaspa, kaspe: kn kêtela pohung.
kaspundi: k kêpriye; kc. kadospundi.
kasrah: kn. ak dipasrahake; kc. kangsrah.
kasrakat: (-an) kn. ak kêcingkrangan, kêkurangan.
kasrêpên: k kadhêmên.
kasripahan: kn kêpatèn (anak, batih lsp); kc. sripah.
kastawa: kw pakurmatan, sêmbah, pangaji-aji.
kastela: êngg. kn kêtela.
kasturi: kn dhèdhès.
kastrol: êngg.pc katrol.
kastroli: kn (lênga [x]) bngs. lênga jarak dianggo urus-urus.
kascaryan: kw kagèt gumun, bungah.
kaswara: kw misuwur.
kaswargan: kn wêwêngkoning swarga.
kaswari: kn manuk suwari.
kaswasih: kw mêmêlas, mêlas-asih.
kat: [x] ngêndi êngg saka ngêndi; kc. kad.
kata: I (S) kw 1 têtêmbungan, ujar, gunêm; 2 crita. II dikatani êngg: dipênggak, dicêgah, diampêt.
--- 192 ---
katabêrèn ~ katog.
katabêrèn: kn kasrêgêpan; kc. tabêri.
katak: kn 1 woh gêmbili; 2 jenggot cèlèng.
katalika: kw 1 dumadakan; 2 ditêlik.
katam: kn wis tamat ut. tutug pamacane (Kur'an, kitab turutan lsp); di-[x]-ake: ditutugake nganti katam.

katamapi: (S) kw. ak sênadyan mêngkono.
katancit: (S) kw. ak dumadakan.
katang-katang, kêkatang: kn bngs. sukêt.
katar-katar: kw murub mubyar, ngalad-alad; kc. kantar.
katatalan: kn lêlakon kang dadi tuladha; kc. tatal.
katawurag: kw buyar sumêbar.
katbuta: kw nêpsu bangêt.
kate: I kn pitik (jago) cilik (kunthing). II êngg: arêp.
katèl: I kn bngs. kêmangga gêdhe manggon ing lêmah. II kn: 1 kuliting dlamakan cakar pitik sing kandêl; 2 sikil jaran saburining tracak; 3 oyod kang mbêndhol ing poking wing[3] gêmbili, uwi lsp; ngatèl, [x]-ên êngg. pc: ora gêlêm lunga-lunga marga krasan, sênêng lsp.III êngg. pc: bngs. teko nganggo gantilan.
katela: kn. ak kc. kêtela.
katèmpêr: kn. ak 1 klêngêr; 2 kêsêsêr pêrange.
katèn: (-an) kn 1 panimbange nganggo kati; 2 pc. traju; kc. kati.
katèngong, katèngsun, katèngwang: kw aku, -ku.
katepang: kn ar. têtuwuhan rambat bngs. krokot; [x] ngrangsang gunung pr: kêgêdhèn pangarah.
katès: êngg. kn tela gantung.
katêbihan: k kadohan.
katêbihên: k kadohên.
katêdha: 1 dipangan; 2 êngg. nuwun!
katêgis, katêkis: êngg. kn guru agama (Kristên).
katêkan: n. kadu(mu)gèn k. ak kasêmbadan kang disêdya; kc. têka.
katêkêm: kn. ak 1 ditêkêm; 2 dikuwasani; kc. têkêm.
katêksasi: kn. pc wulangan agama (Kristên).
katêkwulan: êngg. k katêksasi.
katêlah: kn suwe-suwe banjur aran (-manuh).
katêlu: ak kang kaping 3; kc. katiga.
katêmênan: kn ak. ditêmêni; 2 wêwatakan têmên; kc. têmên.
katêmtuan: kn kang wis ditêmtokake; kc. têmtu.
katên: êngg. k mêngkene, mêngkono.
katêndhagan: kn. ak kêkurangan marga kasèp; kc. têndhag.
katênta: kn isih nindakake (nggagas) apa-apa marga wis manuh.
katêngên: kn. ak disênêngi, dipêrlokake; kc. têngên.
katênggêl: kn. ak ditênggêl; kc. tênggêl.
katêrak: kn. ak kêtrajang, ditêrak; kc. têrak.
katga: kw kêris.
katgada: kw trêngginas, rêrikatan.
kati: kn. (katos k) ukuran bobot (1/100 dhacin = 0,617 kg): di-[x] pc: ditimbang; kc. katèn, kinati-kati.
katib: kn. ak kêtib.
katiba: kn ar. wit.
katiban: n. ak ditibani; kc. tiba.
katibin: (A) kn ar. malaekat kang nyathêti kalakuaning manungsa.

katiga: kn 1 ak. kang kaping 3; 2 ar. mangsa kang kaping 3 (25 Agustus - 24 Sèptèmbêr); 3 (katigên êngg. k) mangsa ora ana udan.
katigubug: kn. ak woh uwi sing ana ing dhuwur.
katiyon: êngg. kn nyata kêlakon, katuhon.
katilayu: êngg. kn wit klayu.
katilampa: kn ar. têtuwuhan.
katimaha: kn kayu timaha.
katimbang: kn 1. br. ditimbang; 2 yèn ditandhing karo; 3 pc. aluwung, angur; kc. timbang.
katimbêl: kn ar. wit.
katimumul: kn 1 bngs. ampal cilik rupane ijo; 2 ar. lêlara kulit ing kuku.
katimun: kn. ak timun.
katir: I êngg. ak ora timbang, ora tandhing (gêdhene, lsp); di-[x] êngg. ak: dianggo (ditrapake) kalawan ora timbang (tmr. rakitan, sapi momotan lsp). II kn: pring sundukan ditrap ing kiwa têngêning prau supaya ora ngglewang. III kn: 1 godhong kang dumunung ing gantilaning woh; 2 laron disunduki ditancêbake ing lèng laron dianggo jontrot; 3 gantilaning tala tawon. IV ut. [x]-an êngg. kn: kalènan kang anjog ut. kang saka ing sawah.
katirah: kn ar. wit mrambat godhonge abang; ngatirah br: abang kaya godhong katirah (tmr. mata, pasêmoning wong nêpsu).
katis: (-an), katisên, kadhêm katis êngg. kn: kadhêmên.
katitih: kw kêlindhih, kalah.
katu: kn ar. têtuwuhan.
katub: I kw 1 katiyup ing angin, katut ing angin. II kn. ak: akèh bangêt (tmr. wowohan).
katuju: kn 1 br. dituju; 2 (ut. katujon atine) ndadèkake sênênging atine; 3 ak. kapinujon, kabênêr; katujune ak: bêgja (kêbênêran) dene; kc. tuju.
katuhon: kn. ak nyata kêlakon têmênan; [x] (katuwon) têmên, dene ak: bêgja têmên, dene ...; kc. tuhu.
Katulik: kn ar. agama Kristên kang sanyatu.[4]
katur: kn. konjuk ki 1 diaturake (dikandhakake, diwènèhake) marang; 2 marang (tmr. ing layang); kc. atur.
katuran panakrama: kw dibagèkake (diwènèhi pakurmatan).
katuranggan: kn kawruh bab titikan wêwatakaning jaran lsp.
katut: kn 1 kèlu marang, kêglandhang; 2 ora kêjarag digawa lsp; kc. tut.
katog: kn 1 ditindakake nganti têkan kang
--- 193 ---
pungkasan dhewe; 2 têkan ing pungkasan, nganti êntèk; 3 pc. wis tita; kc. tog.
katok ~ kathok.
katok: pc katon.

katon: n. katingal k kêna didêlêng; ngaton: mêtu lsp. nganti kêna didêlêng; di-[x]-i: diwêruhi wêwujudan (roh, lêlêmbut lsp); dikatokake, di-[x]-ake ak: diwêruhake marang, dituduhake marang; kc. ton.
katong: kw ratu.
katoran: ngêlak-[x] kn. ak ngêlak bangêt.
katos: k kati.
katrah: (A) kn. ak jaman nalikane ora ana nabi (saantarane Kangjêng Nabi Ngisa karo Kangjêng Nabi Mukamad).
katrak, katrêk: êngg. kn nganti suwe ora mulih-mulih (mêntas lara bangêt lsp).
katrangan: kn srana (bukti lsp) kang dianggo nêrangake; kc. têrang.
katrap: I [x] paukuman kn. ak ditrapi paukuman, diukum; kc. trap. II ki: pathèk; [x]-ên ki: pathèkên.
katrêm: pc krasan bangêt.
katrêsan atine: br sêdhih bangêt atine; kc. têrês.
katrêsnan: kn rasa trêsna, asih; kc. trêsna.
katri: kw katêlu.
katriwandhan: kw nêmahi kacilakan.
katrol: (W) kn kerekan.
kaca: kn 1 gêdhah; 2 ([x] pangilon) ak. pangilon; 3 ([x] suryakantha ak) gêdhah bundêr piranti dianggo ndêlêng barang kang lêmbut-lêmbut; 4 ([x] praksana) ak. kèkêr, mikroskup; 5 ([x]-mata n. [x] tingal k) pc. têsmak; 6 raèning layang; [x] brênggala: 1 pangilon gêdhe; 2 ent. tuladha; kêkaca ak: ngilo; [x]-[x] (-matane): kêbak luh arêp nangis.
kacakan: kn kambah, kêsrambah; kc. acak.
kacang: kn ar. têtuwuhan sarta wohe (jinise warna-warna); [x] sisil êngg: kêdhêle; [x] mangsa (ora) tinggal lanjaran pr: wêwatakane anak lumrahe ngèmpêri wong tuwane; di-[x] pc: ditanduri kacang; [x]-an: 1 ak. adu landhêping gêgaman dianggo nyoba ampuhe; 2 iwak kang kaprênah ing dhuwur gulu (tmr. sapi, kêbo lsp); 3 ar. wêdhus ing gulu ana prênthile.
kacap: (-an) êngg. kn kêna (kambah) ing banyu.
kacapa: (S) kw. ak bulus.
kacapi: êngg. kn bngs. crêmpung.
kacapuri: kw pagêr bata.
kacaryan: kw kc. kascaryan.
kacèk: n. kaot k beda, ora padha; di-[x]-i(-ake): dibeda karo kang lumrah, diwènèhi kacèke.
kacelung: kn. ak 1 kêmbang dhadhap; 2 êngg. gêndhon pring.
kacêb, kacêp: kn tumancêb ora kêna dididut.
kacêl: êngg. pc 1 ora bisa mêmpur (tmr. tela digodhog lsp(; 2 cupêt, kathêl; 3 jêlèh, bosên; 4 mangkêl, anyêl.
kacêne: kw disrêngêni.
kacênêng: kn. ak krasa kêncêng (tmr. otot).
kacêr: kn ar. manuk.
kaci: I êngg. kn 1 kacèk; 2 luwih dhisik. II kn: bngs. mori tipis.

kacilakan: kn kang nganakake cilaka.
kacip: kn saèm. gunting dianggo nyigari gambir lsp.
kacipuhan: kn. ak rada pakewuh (kangelan).
kacir-kacir: êngg. ak katon nglèmbrèh dawa sarta lancip; kc. kocar-kacir, ngacir, nglacir.
kacirèn: kn. ak: dicirèni; kc. ciri.
kaclêp, kaclup, kaclop: kn kambah (klêbu) ing banyu.
kacu: kn 1 (sa-) sapêsagèn saka ambane katangkêbake (tmr. ukuran sêmbagi lsp); 2 sêmbagi (cita) awangun pêsagi (dianggo sap-tangan, buntêl lsp); dikaconi: diukur sarana kacu.
kacubung: kn ar. wit sarta wohe.
kacuk, kacung: êngg. pc thole.
kacung: êngg. pc 1 thole; 2 jongos (bocah cilik).
kacung-kacung: pc congat-congat; kc. acung.
kacur: êngg. kn bêstru.
kacurnan: kw nandhang cilaka.
kacus-kacus: pc mlaku ganyuk-ganyuk.
kacoban: kn. ak kêcampuran; kc. trocob.
kacokan: pc kêcampuran, rada ...
kacombèran, kacèmbèran: êngg. kn kalenan, got.
kacor: êngg sambuk, pêcut; di-[x]-i êngg: disambuki.
kathah: k akèh.
kathak: kn yiyid ing têlak iwak; [x]-ên êngg: rêgêd bangêt; kc. kêthak.
kathèk: kn 1 (bung [x]) thikilan kang dumunung ing wit (tmr. têbu, pring); 2 êngg pang thikilan (tmr. jagung lsp); kathik.
kathêl: (-kathêl) pc sêmu cupêt, ora kêpenak anggone; kc. kathathêl.
kathêr-kathêr: pc gumantung (nglawèr) lêmês.
kathik: I (kathèk êngg) kn 1 nganggo, karo; 2 pc. dene ndadak nganggo ... II ngathik kn. ak: 1 nganggêp mitra; 2 ngopèni jaran; kc. kinathik, pakathik. III kn: manuk joan (bngs. dêruk ijo).
kathil: kn. ak 1 ambèn, paturon; 2 êngg. bandhosa; kc. kanthil.
kathing-kathing: pc nggêgawa apa-apa sêmu diathungake.
kathir-kathir: êngg saèm. kathêr-kathêr.
kathuka: (S) kw pêdhês.
kathungka: (S) kw. ak nistha, wong ala.
kathung: I kn 1 kw. cupêt, kurang; 2 kurang pangêrtine, bodho; [x]-[x] kn. ak: ora olèh-olèhan (tanpa nggêgawa apa-apa). II [x]-[x] kn: diathung-athungake tangane; kc. athung.
kathok: kn 1 ak. blebekan êmas (slaka lsp) dianggo tutup pawadonan; 2 (lancingan ki) panganggo minangka tutuping awak kang ngisor lan sikil; [x] kalèt: kathok cêndhak singsêt; ngathok: mung
--- 194 ---
nganggo kathok thok; di-[x]-i: diênggoni kathok; [x]-an: nganggo kathok.
kawadawa ~ kawit.
kawadaka: kw konangan wadine lsp.
kawagang: kn. ak kuwat (bisa); kc. kuwagang.

kawah: I kn. ak jêmbar sarta amba; di-[x](-i): diambani ênggone ndhudhuk. II 1 dalaning gêni (wlahar lsp) ing gunung; 2 kw. papan paukuman ing nraka (srana gêni, digodhog); 3 ak. bngs. jêdhing (kuwali) gêdhe. III. kn: banyu kang mêtu ngarêpake lairing jabang bayi.
kawahya: kw kêlair, kawêtu.
kawak: ([x] awu, [x] uwi) pc tuwa bangêt, lawas bangêt.
kawakan: kw kêpêksa nandangi dhewe; kc. awak.
kawaktan: kw kacrita; kc. waktan.
kawal: I kn. ak panangulang, ndaga; di-[x]-i ak: ditanggulang, didaga, dipadoni. II kn: lèmèk kasur lsp; di-[x]-i ak: diombèni.
kawalahan: kn. ak kc. kuwalahên.
kawalat: kn. ak kc. kuwalat.
kawalên: kn. ak awal bangêt.
kawalian, kawalean: kn. ak jaman ut. turuning para wali.
kawan: k pat-, patang.
kawanaring: êngg. k patangaring.
kawanda: kw gêmbung, awak.
kawanên: n. kêsiyangên k kasèp nganti awan; kc. awan.
kawangwang: kw katon; kc. wangwang.
kawarna: kw kacrita, kocap; kawarnaha kw: kocapa.
kawasa: kn. ak kuwasa.
kawasita: kw dicritakake, dikandhakake; kc. wasita.
kawastara: kw kêtara, kacêtha.
kawat: kn tali kang digawe wêsi, kuningan lsp.
kawatgata: kw kapêsan, kacilakan; kc. watgata.
kawaca: I (S) kw klambi kêre. II n. kawaos k. br: diwaca.
kawawa: kw 1 digawa; 2 kêconggah, bisa; kc. wawa.
kawèh: êngg. ak anèh, arang anane.
kawèr-kawèr: êngg. kn katon nglawèr; kc. kawir, klawèr.
kawès: kn ar. iwak loh.
kawêdaka: kw konangan; kc. kawadaka.
kawêdanan: kn omah, kantor ut. bawahing wadana.
(kawêdèn): di-[x]-i n. dipunkawêdosi êngg. k. dipunkajrihi k. ak: diwêdèni; kc. wêdi.
kawêdhêngan: kw judhêg, kodhêng.
kawêkas: I kn. ak kang pungkasan (wêkasan); [x]-an ak: pungkasan, wêkasan. II br: diwêling.
kawêkèn: kw kewuhan atine, judhêg.
kawêl: êngg. ak cèlèng.
kawêlasan: kn 1 br. diwêlasi; 2 sih wêlas marang pêpadha lsp; kc. wêlas.
kawêlas-asih: (-ayun, -arsa kw) kn mêmêlas, mêsakake.
kawênangan: kw konangan, kawruhan; kc. wênang.
kawêng: êngg. ak kacu, tali lsp. kang dikalungake ing gulu têkan ing dhadha; ngawêngi ent.: ngupêngi, nglimputi; di-[x]-ake: dikalungake.
kawêngan: kn. ak diwêngani.

kawêrga: kn. ak dianggêp sanak; kc. warga.
kawêruhan: n. kasumêrêpan k 1 diwêruhi; 2 konangan.
kawês: êngg. ak kapok; kc. kawus.
kawêstara: kw kêtara, kacêtha.
kawêt: kn 1 ak. kawat lsp. kang dianggo nalèni teko lsp. kang bênthèt; 2 urat saka planangan mênyang jubur; ngawêt: 1 nggêgêt lambe ngisor; 2 buntute dilêbokake ing antaraning sikil (tmr. asu lsp).
kawêtu: n. kawêdal k kêlair; kc. wêtu.
kawi: (S) 1 kw. pangarang, pujangga; 2 (ut. kakawin) kw. karangan, têmbang; 3 kn. têmbung-têmbung kang kanggo ana ing kapujanggan (layang-layang têmbang lsp) ora kaprah dianggo padinan; 4 kn. têmbung Jawa-kuna; di-[x] kw: dikarang, dirumpaka.
kawibawan: kw kaluhuran lan kamuktèn; kc. wibawa.
kawijil: kw kawêtu.
kawijilan: kw kêlairan, asal, pinangka.
kawignyan: kw kawasisan, kapintêran; kc. wignya.
kawiyogan: kw kasusahan (rasa kangên, kêsêngsêm); kc. wiyoga.
kawiyos: kw kawêtu; kc. wiyos.
(kawil): di-[x] kn. ak dijawil.
kawilasan: kw kawêlasan; kc. wilasa.
kawilêt: kw katut, kapencut dening têmbung manis lsp; kc. wilêt.
kawilujêngan: k kaslamêtan.
kawin: I di-[x] kn dicêkêli sikile lan suwiwine (tmr. pitik lsp. kang arêp dibêlèh); kc. ngawin, pangawin. II kakawin kw: karangan (têmbang nganggo basa Jawa-kuna). III (A) êngg. ak: ningkah, ijab; di-[x](-ake) ak: diningkah(ake).
kawindra: (S) kw (ratuning pujangga) pujangga pinunjul.
(kawir): [x]-[x] êngg. pc suwir arêp pêdhot.
kawiraja: kw pujangga linuwih.
kawirangan: kn 1 kisinan, nandhang wirang; 2 ak. wêwadi (palanangan, pawadonan); 3 kaanan wirang (isin); kc. wirang.
kawirasa: kw. ak kêkidunganing pujangga.
kawiryan: kw 1 kakêndêlan; 2 kaluhuran; kc. wirya.
kawiryawan: kw kc. kawiryan.
kawis: I êngg. k karang. II [x]-[x] êngg: kara-kara; [x]-an êngg. k: prakaran.
kawismaya: (n) kw gumun bangêt, njêngêr.
kawistara: kw kêtara, katon cêtha.
kawiswara: kw pujangga pinunjul; kc. kawindra.
kawit: êngg. pc wiwit, awit; [x]-an: 1 êngg. pc. wiwitan; 2 kang dhisik (tmr. bojo); 3 asal, mula buka; 4 br. wong tuwa (bapa biyung); kc. sakawit.
--- 195 ---
kawitana ~ kèksi.
kawitana, kawiwara: kw pujangga pinunjul.
kawya: (S) kw. ak kidung, têmbang, karangan.
kawud: kw pating bêsasik; kc. awud.

kawudan: kn. ak diwudani, wuda.
kawujudan: kn 1 br. diwujudi; 2 wêwujudan; kc. wujud.
kawuk: kn. ak slira sing wis tuwa; [x] ora wêruh slirane pc: nacad (maoni lsp) marang liyan ora ngrumangsani yèn awake dhewe luwih ala tinimbang kang diwaoni.
kawul: kn kêsrikan sêrat wit arèn lsp. dianggo êmpan-êmpan dadèn gêni lsp.
kawula: kn 1 br. batur, abdi; 2 êngg. k. aku, -u; 3 karèrèhan, rakyat; ngawula: ngabdi, ngèngèr; dikawulani ak: dingèngèri.
kawula-warga: kn. ak kula-warga (brayat).
(kawula-wisudha): di-[x] kw dijunjung pangkate (kalungguhane).
kawuntat: kw kapungkur.
kawung: kn 1 êngg. godhong arèn digaringake (dianggo nglinting rokok); 2 ar. bathikan.
kawur: I êngg. ak kapur, gamping. II kw: buyar bubar; kc. mawur, wur.
kawuri: kw kêpungkur; kc. wuri.
kawuryan: kw 1 ak. kèri; 2 katon.
kawursita: kw kocap, kacrita.
kawus: êngg. pc kapok.
kawusanan: kn. ak pungkasan, têmahan.
kawut-awut: br diawut-awut.
kawo: êngg. ak kopi.
kawogan: kn. ak kêpopoh, kawajiban, kêjibah.
kawolu: kn 1 ak. kang kaping wolu; 2 ar. mangsa kang kaping 8 (4 Pèbruari - 1 Marêt).
kawon: k kalah.
kawonên: k kalanên (kêluwih alane).
kawontênan: k kaanan, kahanan.
kawong: kn. ak 1 krasan; 2 wanuh, njilma; [x]-an ak: 1 kêdunungan (wêwatakan lsp); 2 supêkêt bangêt.
kaworan: kn kacampuran; kc. wor.
kawrat: k kamot; [x]-an k: kabotan.
kawruh: kn sêsurupan (olèh-olèhaning pangudi), ngèlmu; kc. wêruh.
kawruhan: n. kasumêrêkan k wis disumurupi; kc. wêruh, karuwan.
ke: êngg. pc kowe.
kebar: êngg. kn mitongtonake kapintêrane lsp. minangka conto; di-[x] êngg: dilimbang-limbang (digagas) têmênan; di-[x]-ake êngg. ak: 1 dipitongtonake (tmr. kapintêran lsp); 2 disêmantakake.
kèbêkan: kw kêbak bangêt.
keblat: (A) kn 1 ênêr marang Mêkkah (tmr. sêmbahyang Islam); 2 pc. pangimanan ing mêsjid; 3 pancêring ênêr (lor, kulon, kidul, wetan lsp); di-[x] ak: diênêrake marang, ent. dièsthi, diturut.
keblong: êngg. pc kalah.
kebur: pc kabur.
kèbos: êngg kalah (main).
kedah: kn. ak sêdya (panjangka); kc. sakedah.

(kedan): di-[x]-i kn disêngsêmi (disênêngi); [x]-an: kêsêngsêm (sênêng bangêt) marang; kc. edan.
kèdêk: kw kidak, kêpidak; kc. idak.
kèdêr: kn ([x] matane) rada kera; 2 êngg. bingung, kisruh.
kèdêran: kn. ak diubêngi; kc. idêr.
kedul: êngg kidul.
(kèjèk): kêkèjèk kn gronjalan (nangis, tmr. bocah cilik).
kèju: kn bngs. mêrtega.
kedhe: kn tangane kiwa luwih prigêl (kuwat) tinimbang kang têngên; di-[x] ak: ditindakake (dicêkêl lsp) nganggo tangan kiwa.
(kèdhèr): kêkèdhèr kn. ak mlaku-mlaku (mêtu) nglèncèr ut. dolan-dolan; di-[x]-i ak: dilèncèri.
kèdhêng: êngg. kn rada kera.
kèdhêp: kw 1 (ut. [x]-an) disungkêmi, diurmati; 2 têluk, nungkul; kc. idhêp.
kedhol, kedhot: êngg. pc kalah.
kègès: êngg. kn kiris, kêpègès.
kègi: êngg. pc ewa bangêt.
keguh: ora [x] kw têtêp (atine), ora kêgiwang.
kegut: kw kc. keguh.
kegok: pc kagok.
kèh: n. kathah 1 br. akèh; 2 ak. cacah (wilangane); [x]-[x]-e: kang akèh dhewe; kc. akèh.
keyang: êngg. kn ar. kêrtu cilik.
keyok: kn 1 pêpindhan swaraning pitik lsp. kang wêdi, kalah lsp; 2 pc. kalah, kasoran.
keyong: kn ar. kewan mawa cangkok bngs. kijing, kêrang lsp.
keyongên: êngg. kn lêlaraning kulit saèm. uci-uci (tmr. kêbo, jaran lsp).
kèk: I êngg 1 êmbah lanang; 2 wong tuwa bangêt; kc. kaki. II êngg: darbèk, duwèk. III di-[x]-i êngg: 1 diwènèhi; 2 didokoki.
kekah: kn slamêtan (sêdhêkah) nganggo wêdhus ut. dara (mbênêri sèwu dinane wong mati lsp); di-[x]-i: dislamêti nganggo sêsaji wêdhus lsp.
kekeyan: êngg. kn gangsingan.
kèkèl: I kn ar. iwak loh. II [x]-[x]-an êngg. pc: rêbut mênang, (êmoh ngalah ênggone pêpadon).
kèkèt: kn. ak rukêt (rakêt) bangêt; kc. gègèt.
kèkêr: (W) kn 1 piranti dianggo ndêdêlêng barang kang adoh-adoh; 2 mikroskup; di-[x]: didêlêng nganggo kèkêr.
keklak: kn. ak thèthèl ut. dhidhal tmr. kulit.
kèklèk: pc lèdhès ut. rèmbès (matane, marga kakehan mêlèk).
kekuk: pc kidhung, kewuhan panindake.
kekot-kekot: pc alot wulêd (tmr. iwak daging lsp).
(kèkrèk): di-[x] kn disêmbrèt (disuwèk lsp) nganggo lading (tmr. godhong lsp).
kèkrèk arèn: pr kanthi rêkasa ut. sumêlang ênggone nindakake.

kèksi: kw katon, didêlêng.
--- 196 ---
kèl ~ kèngsrèh.
kèl: (A) kn. tarab ki nggarap-banyu (kang kawitan).
kelangan: n. kecalan k nandhang kapitunan lsp. marga ilang; kc. ilang.
kele: I êngg. kn bumbung pring cilik (dianggo wêwadhah). II êngg: kalah.
kèlèh: êngg kalah.
kèlèk: I kn lêkokaning cangklakan. II di-[x]-ake kn: dikatutake ilining banyu; kc. kèli. III [x]-an pc: kalanên; kc. èlèk, ala.
kèlèr: kn kothak wadhah gêndul jênèwêr lsp.
kèlèt: ora [x] êngg. ks 1 ora bisa; 2 ora duwe.
kèlêb: kn 1 kêlêban ing banyu; 2 pc. amblês ora ngaton-ngaton, dislingkuhake; kc. ilêb, lêb.
kèlêm: kn. ak kêlêm.
kèlês: kn. ak 1 kêgilês, kêpidak; 2 kalah; kc. ilês.
kèli: kn katut ilining banyu; dikèlèkake: dikatutake ing ilining banyu.
keling: êngg. kn bngs. gilingan cilik; kc. kiling.
kèlingan: n. kèngêtan k (sanalika) eling marang apa-apa kang maune wis lali; kc. eling.
kèlu: kn katut mèlu marang; kc. ilu, mèlu.
keloh-keloh: êngg. kn peloh-peloh.
kelong: pc kalong (suda)
kelor: kn ar. wit godhonge kêna dianggo têtamba.
kelorên: kn. ak ndhrêdhêg, buyutên; kc. kalorên.
kelot-kelot: pc alot, wulêd.
kemah: (A) êngg. pc omah-omahan motha.
kemar: (A) kn. ak kuldi.
kemawon: k bae.
kèmbèt: kn katut kêna ing dakwa lsp; kc. èmbèt.
kèmêng: (-an) 1 kw. judhêg, susah bangêt; 2 êngg. lali.
kèmutan: kn. ak. (êngg. k) kèlingan; kc. emut.
kèmpêr kw katut, kanginan.
kèmpi: kn katon ing sajroning pangimpèn; kc. impi.
kempol: kn daging saburining balung garês.
kèn: I dipun [x] k dikon. II kw: 1 tapih, jarit; 2 ar. sêsêbutan.
kenakên: n. kecanên k. pc kêladuk enake; kc. enak.
kenangan: êngg. k konangan.
kenas: kw lunga, oncat.
kèndêl: k 1 lèrèn; 2 mandhêg; 3 mênêng; dipun-[x]-i k: dilèrèni; dipun-[x]-akên k: 1 diêndhêgake; 2 diênêngake.
kendran: kw kelangan, kêtilapan, ilang.
(kènjèr): kêkènjèr kn 1 ak. mlaku-mlaku mlancong; 2 njogèd mubêng; kc. kanjar, mêkanjar.
kènjêk: kw kêpidak, kidak; kc. injêk.
(kènji): di-[x] kn. ak disêkuli, dikanji; kc. kanji.
(kenjik): ora [x]-[x] êngg ora katon-katon têka.

kenjing: sa-[x] k sakesuk; [x]-ên k: kèsukên.
kendhang: 1 êngg. kèli, kentir; 2 (ut. di-[x]-ake) ki. dibuwang (minangka umukan); kc. endhang.
kèndhèkên: n. kandhapên k èndhèk bangêt; kc. injit.
kèndhit: kw katut digawa (dijupuk); kc. indhit.
(kêndhut): di-[x] êngg. pc dikandhut; kc. kandhut.
kendho: I ([x] urang) kn ar. lêlawuhan kang digawe urang dicampur parudan krambil. II kn: ar. kewan bngs. kalong.
kene: n. (ng)riki k panuduh mratelakake panggonan kang cêdhak; dikènèkake n. dipun-katênakên, (dipun-ngatênakên) k. pc: dimêngkènèkake.
kènèn: kaya [x] êngg. n kaya mêngkene.
kènêl-kènêl: pc êmpuk cènêl-cènêl.
kènêp: kn. ak lunga ora mulih (nginêp ing panggonan liya); kc. inêp.
kèni-kèni: êngg. ak pèni-pèni.
kènol-kènol: pc êmpuk kènêl-kènêl.
kèntar: kw kèli, kentir.
kèntas: kn 1 ak. têkan ing pêntasan (tmr. prau kabuncang ombak); 2 mlêsat bablas, dilungakake (dibuwang) adoh.
kèntasa, kèntarsa: êngg. k bae.
kèntên: êngg. k kèri.
kentir: êngg. kn kèli.
kèntun: êngg. k kèri, kari; kc. kantun.
kento: êngg. kn kluwak ênom.
kèntol: êngg. kn kempol.
kenca: êngg. kn juruh.
kèncèng: kn 1 bngs. kwali têmbaga gêdhe; 2 êngg. wajan gêdhe.
kencokan: kn diencoki ing; kc. encok, pencok.
(kèncong): di-[x], [x]-an kn bêbêdan pucuking wiron dislêmpitake ing sabuk; garis [x]-an: garis saka ing pojok mênyang ing pojok (tmr. pêsagèn).
kènthèngên: kn kêladuk ènthènge; kc. ènthèng.
kènthol: êngg. kn sêsêbutan marang anak putuning lurah desa.
kènyèh-kènyèh, kènyès-kènyès: êngg. pc isih anyar bangêt.
kènut: kn 1 êngg. kèli; 2 kêsêngsêm, kedanan; kc. kanyut.
kenyok: êngg kalah.
kengang: êngg. kn 1 ak. kêna, bisa; 2 lumayan, sêdhêngan; kc. kongang.
kèngès: kn. ak kiris, kêpèngès.
kèngêl: kn. ak kêtêkuk cêngêle; kc. ingêl.
kèngêr: kn kêpuntir (kêtêkuk) mingêr; kc. ingêr.
kèngês: êngg. kn nglêsês.
kèngêtan: k kèlingan.
kèngguh: kw keguh.
kenging: k kêna.
kengis: kw rada katon sathithik (marga dibiyak lsp); kc. ingis.
(kèngkèn): dipun-[x] k dikongkon.

kèngsêr: kn 1 owah mingsêr; 2 kêsliyo; kêcêthit; 3 ki. kêplayu.
kèngsi: kn ar. mainan.
kèngsrèh: kn. ak kangsrah; kc. klèngsrèh.
--- 197 ---
kepang ~ kesod.
kepang: kn 1 nam-naman irat-iratan pring tipis panganame mayat (sok dianggo rangkêpan gêdhèg lsp); 2 êngg. widhig, blêkêtepe; 3 êngg. klabangan rambut.
kèpèh-kèpèh: pc têlês.
kèpèk: kn 1 kèplèh, durung ana isine (tmr. kara, kêmlandhingan lsp); 2 kêmlandhingan ênom.
kèpèl: I ([x]-an) êngg. kn 1 liranganing wiji kang bakal dadi godhong (tandhon panganing wiji); 2 godhong têmbako kang ngisor; kc. kapal. II êngg. k: jaran, bêlo.
kèpèng: kn 1 ak. saigar (½ dhuwit); 2 êngg. bribil (½ sèn).
kèpèt: I kn anggotaning iwak kang dianggo nglangi; [x]-[x]: 1 ak. gobag-gabig (êndhase); 2 ([x] buntute) pc. kipit-kipit (obah-obah buntute); di-[x] ak: ditampêk (ditamplèk lsp) sing ditamakake gêgêring èpèk-èpèk, nêndhang nganggo gêgêring dlamakan. II êngg. ks: kopèt.
kèpêr: I êngg. pc ar. sêmbagi kasar. II di-[x] êngg. kn: dikèpèt. III kn: ar. iwak loh.
kèpi: kn kèmpi.
kepyan: kw judhêg, bingung atine; kc. kepon, kepwan.
keple: êngg. kn pêpês sèngklèh.
kèplèh: kn ora njêgrag (tmr. kuping asu, sinthingan lsp).
kèplèk: ks tuwa bangêt.
kepon: kw susah (bingung, kewuhan) atine.
kèprèh, kêprèh: êngg. pc têlês kêbês.
kèprès: pc kaprès, gabrès.
kèprèt: I êngg. kn 1 rêgêd dening kêcipratan banyu lsp; 2 gabrès, kaprès; di-[x](-i) êngg: diciprati, dipyuri. II êngg. pc: kompèrên, ora deduwèn, ora bisa apa-apa.
kepwan: kw susah (judhêg, bingung, kewuhan) atine.
kera: kn maniking mata nisih (ora ana ing têngah bênêr).
kerah: I êngg. kn kera. II êngg. kn. ak: patrap, tindak-tanduk kang linakonan; sa-[x]-[x] êngg: sakarêp-karêp, sagêlêm-gêlêm (ora pilih-pilih); kc. sakedah.
keraman: kn. ak gumun bangêt; kc. eram.
keran: êngg. kn gumun.
keras: I êngg. kn bngs. tenggok wadhah uyah. II ([x]-an) kn: 1 têtêmbungan pêpindhan; 2 bngs. pasêmon ut. wangsalan; 3 têtêmbungan kang dicêkak (diwancah) ut. sing nduwèni surasa loro; di-[x]: 1 diucapake sarana têmbung kerasan; 2 disurasa têgêse entar, digawe entar.
kerat: pc akerat.

kerata: I kw grêma, pamburu. II kw: asal-asaling têgêsing têmbung; di-[x] kw: ditêgêsi miturut asal-asaling têmbung.
keratabasa: kw bab nêgêsi surasaning têmbung awêwaton asal mula bukane (lumrahe kapirid saka wêwancahane, dijupuk sunduk prayogane, kayata tuwa kapirid saka untune wis rowa).
keratan: kw têgês kang miturut keratabasa.
kere: kn wong mlarat kang ngêmis.
kèrèg: kn carang (wilah) pucuke didokoki cawangan dianggo ngrêsiki kapuk supaya ilang klênthênge.
kèrèk: I êngg. pc kari. II ([x]-an) êngg. kn: 1 bumbungan gula Jawa; 2 buntêlan awangun bumbungan (tmr. gula Jawa, gambir lsp, an 12 lirang). III ([x]-an) kn: 1 rodha (glindhingan) piranti dianggo ngubêngake tali (tampar, rante) kang dianggo ngunggahake lsp. barang-barang; 2 gantangan manuk pêrkutut; di-[x]: diunggahake lsp. nganggo kerekan.
kèrèn: n. kantunan k. pc turahan; kc. karèn, kari.
kèrêm: kn 1 kêsilêp (amblês) ing banyu tmr. prau lsp; 2 ak. karêm bangêt.
Kèrêsmis: (W) kn riaya wiyosane K. N. Ngisa (25 Desèmbêr).
kèri: I n. kantun k. pc kari. II êngg. kn: kiwa, kedhe.
kerid: kw mèlu mlêbu, diirid; kc. irid.
kering: I kw kiwa; di-[x]-ake ak: disisihake, disingkirake. II ora [x] êngg: ora gêlêm (manut lsp); tanpa [x] br: ora ana sing diwêdèni; di-[x]-i, [x]-an ak: diwedèni lan diajèni; kc. ering, pakering. III êngg. kn: bngs. kranjang. IV kw: dibarêngi ing, diiring; kc. iring.
keris: kn 1 ak. kiris, kêpèngès; 2 kalong sathithik dening kêtrajang ing dalan lsp. (tmr. pakarangan, palêmahan); kc. iris.
kèrkop, kêrkop: (W) kn kuburan Wlanda.
kerud: kn kèli, katut kèli.
kerup: kn. ak mèlu katut; kc. irup.
(kerod): di-[x] êngg. pc dirêsiki (diulapi) sarana dikêsud.
(kerog): [x]-[x], [x]-an kn nêbak-nêbakake têngan[5] (sikil).
keron: kw kewuhan pamilihe, gojag-gajêg.
kesa: (S) kw rambut.
kesah: k lunga.
kèsèd: kn 1 piranti dianggo ngrêsiki sikil kang digawe duk, sêpêt lsp; 2 (ut. kêkèsèd) ngrêsiki sikil diusêk-usêkake ing piranti kasêbut; di-[x]-i: dianggo kêkèsèd.
kèsèr: (-an) kn 1 piranti dianggo nggêgawa (ngusung) srana digèrèd (tanpa nganggo rodha); 2 êngg. grobag gèrèdan; [x]-[x]: 1 (ut. di-[x]-ake ak) digèrèd klangsrah ing lêmah; 2 mlaku kanthi alon sarta rêkasa; 3 pc. sarwa rêkasa bangêt (ênggone nututi lsp).
kèsêr: ki. ak kêplayu; kc. kèngsêr.
kèsi-èsi, kèsi-kèsi: kw nandhang sangsara lan dicêcamah.
kesisan: [x] wadya kw kêntèkan wadya-bala; kc. isis.
kesya: kw rambut.

kesuk: sa-[x] n. sakenjing k sasuwening wayah esuk; [x[-an n. kènjingên k: isih esuk bangêt.
kesod: ut. ngesod, kêkesod, [x]-an kn mlaku srana bokong diingsêr-ingsêr.
--- 198 ---
kèsrèk ~ kêbat.
kèsrèk: kn. ak gèsrèk.
kesruh: êngg. kn kisruh.
kèsthi: kw dièsthi, dipêlêng; kc. èsthi.
keswa: kw rambut.
ketaka, ketaki: kw. ak layang.
ketang: 1 k. ketung; 2 kw. rumangsa, eling.
kete-kete: pc rêkasa bangêt.
kètèl: I (W) kn 1 jêdhing (tmr. mêsin lsp); 2 cèrèt gêdhe, wadhah wedang tèh. II [x]-[x] êngg. kn: tansah kêkinthil (marga sênêng bangêt).
kètèp: êngg. kn sithip, blobok.
kètès-kètès: kn 1 ak. padha tètès banyune; 2 pc. pating glêbyar (tmr. intên, barleyan lsp); 3 pc. anyar bangêt.
ketung: n. ketang k. ak katut dietung; ora [x] ...: sênajana ...
ketut: êngg. pc katut.
ketok: n. pc katon.
ketol-ketol: kn sêmu kabotan bokong (ênggone mlaku).
kecakan: êngg. ak kêpidak, kidak; kc. icak.
kecalan: k kelangan.
kecanên: k kenakên.
kecap: kn kênthêlên duduh kêdhêle dibumboni rasane asin.
kece: êngg. kn bngs. keyong cilik; kc. ece.
kècèh-kècèh: pc 1 têlês kêproh; 2 êngg. tansah (rèwèl lsp).
kècèk: I êngg. kn ar. mainan (nganggo dhadhu ut. saèm. kubuk). II di-[x] kn: digodhog ing lênga klêntik (tmr. bawang, êmpon-êmpon lsp. dianggo tamba); [x]-an: apa-apa sing dikècèk. III [x]-[x] êngg. kn: tansah (rèwèl lsp).
kècèl: êngg. kn kedhe, kidhung.
kècèng: êngg. kn bungkik (tmr. woh).
kècèr: kn tiba mawut (tmr. barang kang cilik-cilik); kc. ècèr.
kèci: I kn bngs. lawon (mori) tipis. II kn: bngs. prau cilik.
kècu: kn durjana bêbarêngan akèh kanthi roda-pêksa; di-[x]: ditêkani kècu.
(kecok): di-[x] êngg. kn 1 dicolong; 2 diapusi.
kecon: kn prakara kècu; kêkecon: kêlêbon kècu.
kècrèt: I ut. [x]-[x] pc padha kècèr, padha wutah. II pc: dhuwit.
kèthèk: I êngg sithip, blobok. II [x]-e êngg. pc: mêngkene, ngene; di-[x]-ake pc: dimêngkènèkake.
kèthèng: êngg. kn 1 ak. igar (½ dhuwit); 2 bribil (½ sèn); kc. sakèthèng.

kèthèr: kn kari anggone nggarap pagawean (wis mangsane rampung durung rampung); [x] -an: tunggakan gawean.
kethor: êngg. kn kutil.
kewal: I kn. ak nglinyam, nglècèp, kêtaton, timpal. II di-[x] kn: 1 êngg. diingêrake, diplèncèngake (uga dianggo ent.); 2 (ut. [x]-an) diingêr ukirane ana ing ngarêp (tmr. panganggoning kêris).
kewala: (S) kw mung, bae.
kewan: (A) kn titah kang urip duwe pangrasa lan bisa mobah.
kewani: (A) kn. ak asipat kewan.
kewat: êngg. ak gumêdhe, ngewak-ewakake.
kèwè: êngg. kn kiwa.
kèwèh-kèwèh: pc anyar bangêt.
kèwèk: êngg. ks kênès, kêmayu.
(kèwèr): [x]-[x] kn katon gumantung larah-larah (tmr. barang kang dawa); di-[x]: 1 êngg. diuculake nanging isih dicêncang ing tampar lsp. (tmr. sapi lsp); 2 ora diopèni lan ora diomahi (dikayani) nanging durung dipêgat (tmr. wong wadon); kc. èwèr, klèwèr.
kèwêdan: k kewuhan.
kèwêh: kn luwês bangêt (sarwa luwês).
kewuh, kewoh: kw pakewuh.
kèwuhan: n. kèwêdan k rêkasa ênggone arêp nindakake, pakewuh bangêt; kc. ewuh.
kewok: êngg. pc 1 kalah; 2 ora luwês, kau; kc. ngewok.
kewran: kw kèwuhan.
kêba: I êngg. kn kanthong gêdhe kang digawe nam-naman mendhong lsp. II êngg. kn: tingkêb (mitoni wong mêtêng).
kêbadan: kn. ak wis manuh, wis kulina.
kêbadharan: kn. ak konangan, badhar sêdyane lsp; kc. badhar.
kêbayak: kn klambi wadon.
kêbayan: kn 1 wong kang dadi kongkonan (nglantarake dhawuhing panggêdhe lsp); 2 ([x] desa) ar. prabot desa kang dianggo kongkonan.
kêbak: I kn kisènan (diênggoni) kabèh ora ana kang isih sêla (lowah); [x] sundukane pc: wis akèh kaluputane (kasalahane); di-[x]-i: diisèni nganti kêbak. II kêkêbak êngg. ak: 1 kêkablak, kêkêbêt; 2 nanggulang.
kêbalik: kn 1 kêwalês; 2 kuwalik; kc. balik.
kêbanjiran: n. kêbênan k kêtrajang (kêlêban) ing banjir.
kêbanjur: n. kêlajêng k 1 wis kêlakon; 2 kêbacut; kc. banjur.
kêbandhang: kn katut dibandhang; kc. bandhang.
kêbanting: kn 1 tiba kaya dibanting; 2 ak. ora timbang, ora tandhing; kc. banting.
kêbancèn: pc kêcêkakên (tmr. klambi lsp), kurang; kc. banci.
kêbangêtên: n. kêsangêtên k kêladuk bangêt; kc. bangêt.
kêbanyon: n. kêtoyan k 1 ak. olèh ilèn-ilèn banyu tmr. sawah lsp); 2 êngg. ak. kobong.
kêbau: kn. ak dialap baune (dipèk gawene); kc. bau.
kêbaut: êngg. pc katut dianggo (tmr. dhuwit).

kêbapan: kn. ak (wêwatakane, rupane) kaya bapakne; kc. bapa.
kêbar: kn (sa-[x]) salêmbar tmr. lampit, wlulang lsp.
(kêbas): di-[x](-i) êngg. kn dirêsiki srana dikêbuti lsp.
kêbat: I kn rikat, bantêr; [x] kliwat: rêrikatan (kêsusu) nanging ora kêbênêran. II di-[x] kn. ak: 1 dirêsiki, dilapi, dikêbuti; [dikê...]
--- 199 ---
[...buti;] 2 disirnakake; 3 dicolong, dijupuk; 4 dicopot, dilèrèni. III êngg. kn: bêbêd.
kêbacut ~ kêbut.
kêbacut: pc kêbanjur; kc. bacut.
kêbacok, kêbacuk: kn kêtaton dening dibacok ora kêjarag.
kêbathèn: kn. ak olèh bathi; kc. bathi.
kêbawah: kn diwêngku (dirèhake) marang, dadi karèrèhan; kc. bawah.
kêbegalan: kn ditêmpuh ing begal; kc. begal.
kêbèn: êngg. pc bèn, karêbèn.
kêbèndhêl: pc dicathêt kaluputane lsp; kc. bèndhêl.
kêbèt: kn lêmbaran (dluwang); di-[x]-i ak: digraji tipis-tipis.
kêbêbêlên: kn. ak ora bisa mêtu (tmr. bêbanyu lsp).
kêbêbêng: êngg. kn 1 dialang-alangi, kêjêndhêlên; 2 ora bisa mêtu; 3 mati ana ing wêtêngan marga ora bisa lair.
kêbêk: êngg. ak kêbak bangêt.
kêbêkta: k kêgawa.
kêbêlèk, kêbêlik: pc kêwêlèh,
kêbêlèr: kn tatu kêna ing wêlat; kc. bêlèr.
kêbêlêt: kn 1 ([x] ing butuh) ak. sêlak butuh bangêt, kêcingkrangan; 2 ([x] ngising, [x] nguyuh) kumudu-kudu arêp bêbanyu (-nguyuh); kc. bêlêt.
kêbên: kn ar. wit sarta woh.
kêbênan: k kêbanjiran.
kêbêndon: kn. ak kêna ing bêbêndu; kc. bêndu.
kêbênêr: n. kêlêrês k pinuju, mbênêri, kapinujon; 2 pc. kaprênah (tmr. sêduluran); [x]-an: 1 kapinujon; 2 wis bênêr (prayoga), ora kliru; kc. bênêr.
kêbêntêl: kn. ak kêpêtêl.
kêbêntus: kn 1 kêjêglug; 2 kêtumbuk, kêtanggor; kc. bêntus.
kêbêntongan: êngg. kn kêbêthêngan.
kêbênthik, kêbênthuk: pc kêtanggor ing (tmr. bala-pêcah lsp).
kêbêratan: pc pakewuh, rêkasa, kabotan.
kêbêrud: kn tatu kêgosok ing paku lsp.
kêbês: kn têlês bangêt; ngêbês: nglêbus; di-[x]-i: ditêlêsi.
kêbêsèr: kn saèm. kêbêrud.
kêbêsmèn: k kobongan.
kêbêsmi: k kobong.
kêbêsturon: kn. ak lena, kurang prayitna.
(kêbêt): [x]-[x], kêkêbêt kn ngêbut-ngêbutake suwiwi.
kêbêthêngên: kn ora bisa mbanjurake lakune marga udan.
kêbiyas: êngg. kn mlèncèng.

kêbilaèn: kn kêcilakan; kc. bilai.
kêbina-bina: kw kêluwih-luwih, bangêt.
kêbindhêl: pc kêbèndhêl.
kêbintal: êngg. kn kêtlingsut, ilang.
kêbirèn: n. kêbincihan k (kewan) kang dikêbiri.
(kêbiri): di-[x] n. dipunkêbincih k diilangi pringsilane supaya ora bisa nurunake (tmr. kewan).
(kêbyok): di-[x] kn digodhog lan dikumbah supaya ilang malame (tmr. babaran).
kêblabag: êngg. kn kang baku, sing kêjibah; kc. blabag.
kêblabak: kn (mati [x]) mati kêblêbêk (kêlêm) ing banyu.
kêblaèn: pc kabilaèn.
kêblak: kn. ak ar. mêmêdi; montor [x] êngg. pc: pit montor.
kêblasak, kablasar: kn. ak kêblasuk.
kêblasuk: kn kêsasar, kliru dalane; kc. blasuk.
kêblèndèr: kn. ak kêplèsèd.
kêblèndrèng: êngg. kn kêblèndèr, kêplèsèd.
kêblêbêd: kn. ak kêgubêd; kc. blêbêd.
kêblêgan: kn kêtiban watu lsp.
kêblêgong: kn 1 kêjêglong; 2 pc. kapusan.
kêblêkik: kn konangan (pandhêlikane).
kêblêkuk: kn tumancêb ing.
kêblêngkik: êngg. kn konangan (pandhêlikane); kc. kêblêkik.
kêblêrêngên: kn silo (sulap) dening kêsorotan; kc. blêrêng.
kêblêsêk: kn klêbu (tumancêb) ing blêthokan, luwangan lsp; kc. blêsêk.
kêblingêr: pc kapusan, kliru.
kêblithuk: pc kapusan; kc. blithuk.
kêbliwur: êngg. pc bingung, gugup.
kêbluk: I di-[x] kn diudhêg lan dicampur (tmr. jladrèn lsp). II ([x] mulur) kn: kêsèd, mung sakêpenake bae.
kêblusuk, kêblosok: êngg. pc 1 kêblasuk; 2 kêblêsêk ing.
kêbluwêk, kêbluwêr: pc kêcêmplung (kêblêsêk) ing bolongan lsp; kc. bluwêk.
kêblondor: êngg. pc 1 kêplèsèd, kêblèndèr; 2 kapusan, kêlarangên (ênggone têtuku).
kêblondrok, kêblondrong: êngg. pc kapusan, kêlarangên (ênggone têtuku); kc. blondrong.
kêblorot: êngg. pc kapusan.
kêblowok: pc kêlarangên ênggone têtuku lsp.
kêbu: êngg. kn bngs. tenggok; kc. kêmbu.
kêbubuh: kn 1 diwuwuhi; 2 kc. kêjibah.
kêbuya-buya: kw dikuya-kuya, dioyak-oyak.
kêbuk: I kn piranti ambêkan (ing jêroan kanggo ngrêsiki gêtih). II êngg. ak: piranti dianggo adu kêmiri ut. kêcik sarana dipipit. III di-[x] kn: ditêpak (digêbug) nganggo tangan diêgarake (sing ditamakake èpèk-èpèke).

kêbul: kn kukusing barang sing kobong; [x]-[x]: mêtu kêbule, kumêlus; di-[x]-i: didamoni nganggo kêbul.
kêbunan: kn kêna ing bun.
(kêbur): di-[x] kn diudhêg lan dicidhak-cidhuk.
kêburu-buru: n. kêbujêng-bujêng k. ak 1 tansah dioyak-oyak; 2 pc. kêsusu; kc. buru.
(kêbus): di-[x]-i kn dibrongot.
kêbut: I budhal [x] kn. ak lunga kabèh. II kn: ar. piranti dianggo nepasi (nggusah lalêr, ngisisi lsp) kang digawe wulu, bobat lsp; [x]-[x], kêkêbut: ngisisi (nepasi) nganggo kêbut, kacu lsp; di-[x]-i: 1 disiliri [di...]
--- 200 ---
[...siliri] (diisisi) nganggo kêbut, ditepasi; 2 digusah nganggo kêbut (tmr. lêmud, lalêr lsp); kc. kumêbut.
kêbutuh ~ kêduwung.
kêbutuh: n. kêbêtah k sêlak pêrlu nganggo, butuh bangêt; kc. butuh.
kêbo: n. maesa k ar. kewan raja-kaya; [x] kabotan sungu pr: wong kang kakehan brayat; [x] nusu gudèl pr: wong tuwa njaluk pitutur wong ênom; [x] lumaku dipasangi pr: nêmaha (njaluk) diwènèhi pagawean abot; [x] lumumpat ing palang pr: ngadili prakara ora nganggo wêwaton; [x] bule mati setra pr: wong pintêr ora ana sing nganggokake; [x] mutung ing pasangan pr: nindakake pagawean durung nganti rampung wis lèrèn; [x] mulih ing kandhange pr: wong lunga (barang ilang) bali manèh ora kalawan disêngaja; [x] rompon pr: wong sing wis tuwa bangêt; pisah [x] pr: pêpisahan nanging durung pêgatan (tmr. bêbojoan); têpung [x] pr: wis wanuh nanging durung wêruh jênênge; di-[x] ranggah pr: dianggo bêbantên.
kêboan: n. maesan k 1 têtironing kêbo; 2 dolananing bocah (mbrangkang ditunggangi).
kêbo bukur: kn ar. kewan bngs. undur-undur.
kêbo jêrum: kn ar. dhapuring omah.
kêbo giro: kn ar. gêndhing.
kêbo kobong: kn. ak kêbo colongan sing ditahan ing pulisi.
kêbo lawung: n. maesa lawung k kêbo sing ora dimêgawèkake.
kêbombang: pc nandhang susah dening wis kêbacut kliru pamilihe lsp.
kêbo mênggah: kn ar. dhapuring kalung.
kêbon: kn 1 palêmahan ing saburi ut. sakiwa-têngêning omah (ditanduri wit-witan lsp); 2 palêmahan jêmbar kang ditanduri kopi lsp; 3 êngg. dalan cilik; 4 (tukang [x]) pc. batur kang kawajiban rêrêsik kêbon lsp; di-[x]-ake ak: disingkirake nanging ora dipêgat (tmr. bojo).
kêbo pêlèn: pc wong kang dhêmên padu.
kêbocahên: n. kêlarenên k isih nom bangêt; kc. bocah.
kêbrabat, kêbrèbèt: kn. ak saèm. kêbêlèr.
kêbrabeyan: kn 1 êngg. pc. sênêng nyatur (maoni lsp); 2 sênggoyoran.
kêbrèbèlan: pc mèlu olèh (diwènèhi) sathithik-sathithik; kc. brèbèl.
kêbrèjèl: (-an) pc kêbrojol(-an).
kêbrukan: kn kêrubuhan; kc. bruk.

kêbrojol: kn ora dijarag mbrojol, kêwêtu (têmbunge lsp); [x]-an: 1 mbrojol (ora dijarag); 2 kêbrèbèlan; 3 manak; kc. brèjèl, brojol.
kêbrosot: kn. ak mrucut, ucul.
kêda: kn bngs. pinggan mawa tutup.
kêdabig: kn. ak kc. gêdabig.
kêdabul: kn. ak gêdabul.
kêdad: êngg. kn kaku (tmr. sikil marga kêsêl).
kêdadak: kn (mati [x]) (mati) durung mangsane (dadakan); kc. dadak.
kêdadeyan: n. kêdadosan k kêlakon dadi (rêmbuge lsp); kc. dadi.
kêdadèn: n. kêdadosan k dadi ora dijarag.
kêdah: k kudu.
kêdal: (-ing gunêm, -ilat, -lesan) kn 1 wêtuning gunêm, caraning gunêman; 2 basa têtêmbungan; 3 pakêcapan.
kêdalanan: n. kêmêrgèn k diliwati; kc. dalan.
kêdalon: I kn kêmatêngên; kc. dalu. II kêwêngèn; kc. wêngi.
kêdama: (n)-dama(n) kw didama-dama bangêt.
kêdandapan: kn gêdandapan.
kêdangon: kn kêlawasên, kêsuwèn.
kêdaut: kw kêtarik (kêdudut, kêbêdhol); kc. daut.
kêdarung-darung: kw kêlantur-lantur.
kêdasat: ora [x] pc ora klêbu ing jasad (ora dipangan).
kêdawan: n. kêpanjangên k kêladuk dawane.
kêdèndèng-kêdèndèng, kêdinding-kêdinding: kn. ak katon gumagah ênggone mlaku.
kêdèkèng-dèkèng: pc tansah cilaka (rêkasa).
kêdêbêg: kn. ak gêdêbêg.
kêdêdêr: êngg. pc kêdhêr (ndhrêdhêg); kc. dêdêr.
kêdêh: kw kudu.
kêdênangan: êngg. ak konangan.
kêdêngan: êngg. kn têturon; kc. kêdhêng.
kêdêngangan: kn. ak konangan.
kêdêr: kn. ak kaku lan lêncêng.
kêdêrêng-dêrêng: êngg. ak adrêng bangêt; kc. adrêng, kadêrêng.
kêdibal: kn. ak batur; kc. gêdibal.
kêdiki, kêdiku: êngg kaya iki(-iku).
kêdlingês: êngg. kn kêtlindhês, kêtindhês.
kêdlurung: kn. ak kêbanjur-banjur alane; kc. dlurung.
kêdubang: êngg. pc dubang.
kêdudon: kn kliru, salah; kc. dudu.
kêdug: êngg. kêtug.
kêduha: n. kêdugi k 1 saguh bisa nandangi (nindakake); 2 pc. sênêng atine; kc. duga.
kêdugèn: k kêtutugan.
kêduk: êngg. kn duk.
kêdul-kêdul: kn mêndul-mêndul.
kêduli-duli: kn. ak kêluwih-luwih.
kêduman: kn olèh panduman; kc. dum.

kêdumêlan: kn grênêngan.
kêdumugèn: k kêtêkan (kêtutugan).
kêdunyan: kn. ak sugih bandha; kc. kadonyan, donya.
kêdurus-durus: kn. ak kêbanjur-banjur.
kêdurusan: kn. ak kêtêkan (kêlakon) têmênan sing dadi ujare.
kêdut: kn obahing urat ing daging (sok dianggo sasmita ngalamating lêlakon); [x]-ên: urate ana sing obah.
kêduwêl-kêduwêl: (-kêduwul) kn. ak kêdumêlan.
kêduwèn: kn. ak sugih bandha lsp; kc. duwe.
kêduwung: kn gêtun (susah) dening lêlakon sing wis kêpungkur; [x] nguntal wêdhung pc: gêtun nanging wis kasèp.
--- 201 ---
kêdomblo ~ kêjot.
kêdomblo: pating [x] pc kandêl bangêt pipine.
kêdonyan: kn. ak sugih donya brana; kc. donya, kadonyan.
kêdrajatan: kn. ak ginanjar ngrênggêp pangkat gêdhe; kc. drajat.
kêdrawasan: kn kêcilakan, kêtiwasan.
kêdrojogan: pc sanalika kêtêkan dhayoh lsp; kc. drojog.
kêjaba: n. kêjawi k ora katut dirêmbug (dipetung lsp); dikêjabakake: dipilih karo panunggalane, ora dikatutake.
kêjais: kn. ak wis pinêsthi.
kêjait atine: br kêkênan bangêt atine; kc. jait.
kêjalêr: êngg. kn kêtumbuk, kêtanggor, kêlalèn; ora tau [x] êngg: durung tau kêprêgok (-wanuh, srawung).
kêjalu: kn kêna ing jalu.
kêjamak: pc lumrah; kc. jamak.
kêjambar: kw kêwêdhar, kêwiyak ing akèh.
kêjambèt: êngg. kn kêsangkut ing, kêmbèt.
kêjambêt: êngg. k kêjalu.
kêjanjur: êngg kêbanjur.
kêjangit: êngg. kn kêpêksa mbayar kang dudu mêsthine (mung marga luwih sathithik cacahing dinane lsp).
kêjaul: êngg. kn kakèhên pambayare (ênggone mènèhi).
kêjawahan: k kodanan.
kêjawan: n. kêjawèn k. pc kajawan.
kêjegal: kn dijegal ora kêjarag; kc. jegal.
kêjègan: kn diêsur ênggone; kc. jèg.
kêjegung: kn kêsrimpêt ing tali lsp. sikile; kc. jegung.
kêjèn: kn 1 waja (wêsi) wangun conthongan lancip dadi pêprincèning wluku; 2 êmpyak awangun maju têlu.
kêjèp: kn. ak kêdhèp (ing mata); di-[x]-i ak: disasmitani srana kêdhèp.
kêjèt-kêjèt: kn obah-obah sikile lan tangane ing nalikane mêcati lsp.
kêjêblès: kn kêbêntus, kêjêglug; kc. jêblès.
kêjêblug: êngg. kn kêjêglug, kêbêntus.
kêjêblugan: kn kêtaman ing panjêbluging gunung lsp; kc. jêblug.

kêjêblog: I êngg. kn kêblusuk ing blêthok lsp; kc. jêblog. II êngg: 1 kêtumbuk, kêjêglug, kêbêntus; 2 kêblusuk; 3 ent. kêblasuk, kapusan, kliru.
kêjêblos: pc kêjêblog.
kêjêdhagan udan: êngg. pc kêkurangan udan; kc. jêdhag.
kêjêdhêg: (-an) kn. ak 1 kêna ing dakwa marga kanggonan barang kang dilacak lan wis ora bisa nêrangake; 2 kêpêksa nanggung, kêpopoh; [x]-an ak: kêntèkan sarana; kc. jêdhêg, judhêg.
kêjêgilan: êngg. pc kagol, gêla.
kêjêglug: pc kêbêntus ing; kc. jêglug.
kêjêglong: kn (sikile) kêcêmplung ing luwangan, bolongan lsp; kc. jêglong.
kêjêgur: pc kêcêmplung ing sumur lsp; kc. jêgur.
kêjêlir: kn. ak kêwêlèh; kc. jêlir.
kêjêm: 1 kw. mêrêm; 2 ([x] atine) kn. wêntalan, ora wêlasan; 3 pc. ambêk-siya, gêmi bangêt.
kêjêndhêlên: kn 1 mlêbu banjur ora bisa mêtu-mêtu; 2 pc. kakehan utang; 3 pc. mêtêng; kc. jêndhêl.
kêjêntus: pc kêbêntus, kêtumbuk.
kêjêntol: pc 1 ([x] ing utang) kakehan utang; 2 kêpêksa nanggung.
kêjêng: kn kaku (tmr. tangan, sikil, marga lêlara).
kêjêngkang: kn tiba mundur klumah; kc. jêngkang.
kêjêngkelang: kn kêjêngkang; kc. jêngkelang.
kêjêngêklit:[6] kn tiba njêngkêlit; kc. jêngkêlit.
kêjêngklok: kn tiba (kêpletre) sikile kêtêkuk.
kêjêp: kn. ak kêjèp, kêdhèp; di-[x]-i ak: dikêdhèpi.
kêjêpit: kn kêpèpèt ut. kêpipit; kc. jêpit.
(kêjêr): kêkêjêr, [x]-[x] kn 1 kêkêbêt; 2 obah kêbêt-kêbêt (tmr. kupu mabur lsp); 3 obah gêtêr tmr. tangan (driji) ing nalikane njogèd; 4 (nangis [x]) pc. nangis sêru ora mênêng-mênêng (tmr. bocah cilik).
kêjêron: n. kêlêbêtên k kêladuk jêrone.
kêjêthik, kêjêthuk: pc 1 kêpêthuk; 2 konangan.
kêjibah: kn kuwajiban, kêpopoh.
kêjiman: kn 1 disurupi ing jim; 2 pintêr bangêt.
kêjimrah: kn. ak lumrah, kaprah.
kêjluwog, kêjlowog: êngg. kn kêcêmplung ing luwangan lsp.
kajlungup: kn tiba kêcêmplung ing jurang lsp.
kêju: kn krasa jimpe (tmr. sikil, tangan).
kêjujur: jujur [x] pc tansah cilaka; kc. jujur.
kêjudhêgan: kn kêntèkan nalar, judhêg bangêt; kc. judhêg.
kêjugrugan: kn kêtiban (kêblêgan) lêmah lsp. kang jugrug.
kêjumutan: kn mlaku sêmu mèk-mèkan ing pêtêngan.
kêjungkêl: kn tiba njungkêl.
kêjurang: kn kêcêmplung ing jurang; kêjurang-jurang ak: tansah nandhang kacilakan.
kêjut: kn. ak kêdut; kc. kêjot.
kêjuwat-kêjuwit: kn. ak tansah obah lambene.

kêjuwêtan: kn. ak tansah ningsêtake sandhangan lsp.
kêjuwog: êngg. kn kêblusuk, kêjêglong.
kêjojoh: kn kêsogok ing lêlandhêp; kc. jojoh.
kêjojor: kn gêjojor.
kêjodhèran: kn konangan, kêwiyak (wadine lsp); kc. jodhèr.
kêjodhi: kw kalah, kasoran.
kêjogan: kn dijogi (banyu lsp); kc. jog.
kêjongor: kn tiba mêngkurêb.
kêjot: kn. (êngg. ki) kagèt.
--- 202 ---
kêjrèngkang ~ kêgila-gila.
kêjrèngkang, kêjrongkong: êngg. kn tiba klumah.
kêjrunjung, kêjrungjrung: êngg. kn kêcêmplung.
kêjrungup: pc kêjlungup.
kêdhayohan: n. kêtamuan k ditêkani ing dhayoh; 2 êngg. pc. kêmalingan; 3 êngg. pc. manak; kc. dhayoh.
kêdhakalan, kêdhakaran: kn. ak dhrakalan, sarwa kêsusu (mêmènèk lsp).
kêdhali: kn ar. manuk bngs. sriti.
kêdhana-kêdhini: kn. ak sêdulur loro lanang wadon.
kêdhangkalan: êngg. pc kêdhakalan.
kêdhangklèh: pating [x] kn. ak katon padha dhêngklèh-dhêngklèh.
kêdhangklik: pating [x] kn. ak gumantung obah-obah.
kêdhangkrang, ngêdhangkrang: kn linggih ing papan kang dhuwur.
kêdhangsul: êngg. k kêdhêle.
kêdhap: I kn. ak kêlap, kêdhèp; [x] kilat ([x] liring) ak: kêdhèp; angon [x] br: angon polataning wong; sa-[x] k: sadhela; sa-[x] netra kw: sagêbyaran, satleraman; ngêdhap êngg. kn: 1 uwas, nratab atine, (sumêlang); 2 nyiruk mêdhun (tmr. layangan); [x]-an êngg. ak: wêdèn. II di-[x]-i ki: diicipi; [x]-an ki: icip-icip (panganan lsp. kang diaturake marang dhêdhuwuran lsp).
kêdhaplang: pating [x] kn. ak padha ndhaplang; kc. dhaplang.
(kêdhar): kêkêdhar êngg. kn ngisis mênyang ing njaba; kc. kadhar, kèdhèr.
kêdharang-dharang: kn kêtula-tula têkan ingêndi-êndi.
kêdhasih: kn ar. manuk (pritgantil).
kêdhaton: pc dalêming ratu; kc. kadhaton.
kêdhawangan: êngg. ak bêdhawangan.
kêdhebyah-kêdhebyah: kn. ak katon pating klèmbrèh (tmr. klambi lsp).
kêdhedhar-kêdhèdhèr, kêdhèdhèran: pc klangsrah ing lêmah (ora cancingan lan ora singsêt tmr. panganggoning bêbêd).
kêdhèdhèsan: kn. ak êntèk-êntèkan (dicolongi lsp); kc. dhidhis.
kêdhèngkrèng: pc saèm. ngêdhangkrang; kc. kêdhangkrang.
kêdhèp: kn 1 mêlèk mêrêming mata, byar-pêting diyan lsp; 2 (ut. [x]-[x]) mêrêm mêlèk matane, byar pêt sorote (tmr. diyan, lintang lsp); di-

[x]-i: disasmitani sarana kêdhèp; di-[x]-ake: 1 diêrêmake banjur dibyarake (matane); 2 ak. diselaki, diingkêdi; kc. kumêdhèp.
kêdhèp têsmak: pc ora kêdhèp-kêdhèp ênggone nyawang.
kêdhèr-kêdhèr: kn. ak isih padha sumèlèh ora tata (durung disingkir-singkirake); kc. klêdhèr.
kêdhese: éngg. kn kuwalahên, kalah.
kêdhêh: kw. ak kudu.
kêdhêkês: mak [x] kn. ak sanalika linggih (sila) mlêpês.
kêdhêle: kn bngs. kacang cilik-cilik.
kêdhêmêk-kêdhêmêk: kn. ak mlaku alon-alon.
kêdhêmpalan: pc têka sajak kêsusu lan gita; kc. gêdhêmpalan.
(kêdhêng): I di-[x]-ake êngg diturokake' [x]-an êngg: têturon. II [x]-e êngg: kadhang.
kêdhêngkèk, kêdhêngklèk: pc kêdhêngklak.
kêdhêngklak: kn 1 gêgêre kêtêkuk marga ndhêngklak; 2 êngg. mati.
kêdhêpêk, kêdhêpês, kêdhêprêk: kn. ak kêdhêkês.
kêdhêr: êngg. kn obah gêtêr (kaya ndhrêdhêg).
kêdhêsêk: êngg. kn kêsuk.
kêdhêsuk: kn mingsêt lsp. marga didhêsuk.
kêdhi: kn 1 ora bisa nggarap-banyu (tmr. wong wadon); 2 ak. wong lanang kêbirèn.
kêdhik: êngg sathithik; sa-[x] k: sathithik.
kêdhindhing: kn ar. manuk.
kêdhingaha: êngg. kn sadhengaha.
kêdhingklangan: kn. ak mlaku pincang.
kêdhisikan: n. kêrumiyinan k kalah dhisik.
kêdhuk: I êngg. kn enthong; di-[x]: 1 êngg. pc. didhudhuk; 2 dikêruk dijupuk isine (tmr. liwêt). II êngg. kn: wlulang kêbo kang dianggo lèmèk wadhah lênga klêntik.
kêdhul: êngg. kn kêthul.
kêdhung: kn 1 ulêkaning kali kang jêro; 2 ent. papan kang dadi asal ut. paklumpukan.
kêdhungkrung-kêdhungkrung: pc linggih mbêngkuk.
kêdhungsakan, kêdhungsangan: pc 1 mara rerikatan sarta sajak kanthi rêkasa; 2 rêkasa bangêt.
kêdhut: kn kandêl lan wulêd (tmr. jarit, bakal).
kêdhuwêlan, kêdhuwêtan: pc tansah ribut ningsêtake pangango lsp.
kêdhuwêng: mak [x] pc sanalika mubêng.
kêdhuwitan: pc duwe dhuwit.
kêdhuwurên: n. kinggilên k kêladuk dhuwure.
kêdhodhor: pc saèm. kêdhèdhèr(an).
kêdhogan: pc gêdhogan.
kêdhok: I (ut. [x]-an) kn kothakaning sawah; di-[x] êngg: digarap (ditanduri) kalawan buruhan bageaning pamêtu (tmr. sawah); [x]-an êngg: buruhaning nggarap sawah. II êngg. ak: 1 topèng; 2 wong mbarang raine diclonèh-clonèh; 3 nini-thowok.
kêdhongdhong, kêdhondhong: kn ar. wit sarta woh.

kêdhongklak-kêdhangklik: pc katon obah-obah gumantung.
kêdhongkrong: mak [x] pc sanalika ndhodhok (linggih).
kêdhot: êngg. kn wulêd lan atos (tmr. kulit; ngèlmu [x]-an: ngèlmu katosan (ora pasah ing gêgaman).
kêgawa saka: n. kabêkta saking k marga saka.
kêgèmbang: kw kêgiwang.
kêgèndèng: kn katut kêtarik; kc. gèndèng.
kêgèntèng: k. êngg. pc kêgilês.
kêgêblag: kn tiba klumah; kc. gêblag.
kêgêdhèn: n. kagêngên k kêladuk gêdhene.
kêgêmblung, kêgêmbrung: êngg. kn kêcêmplung.
kêgila-gila: kn. ak (nggilani) bangêt; kc. gila.
--- 203 ---
kêgilês ~ kêlawun-lawun.
kêgilês: êngg. pc kêlindhês; kc. gilês.
kêgimir: kn. ak kêkênan (kêpencut) atine; kc. gimir.
kêgiwang: kn. ak krasa kêpencut; kc. giwang, gumiwang.
kêglundhung: kn tiba ngglundhung (ing jurang lsp); kc. glundhung.
kêglondor: kn tiba mletre mêdhun.
kêguling: kw tiba ngglundhung (nggoling); kc. guling, goling.
kêgulung: kn. ak kêglundhung.
kêgriyul: kn midak (mamah) barang kang atos lsp.
kêjêng: êngg. kn kiyêng.
kêyuyun, kêyungyun: kw kêsêngsêm, kêpencut.
kêkah: k kukuh.
kêkal: êngg. pc 1 lêstari, langgêng; 2 kuli kang pinatah nyambut gawe ing panggonane prabot desa.
kêkathahên: k kakèhên.
kêkêb: kn 1 tutup kêndhil (dandang lsp); 2 tutup diyan (kang digawe bêling lsp); di-[x]-i: ditutupi (tmr. liwêt lsp); kc. kêkêp.
kêkêd: kn. ak gêmi bangêt; kc. kêkêt, kumêd.
kêkêl: I kn 1 matêng bangêt sarta pulên (tmr. sêga); 2 kaku bangêt (marga ngguyu kêpingkêl-pingkêl); kc. kamikêkêlên. II êngg. pc: langgêng, lêstari; kc. kêkal.
kêkênan: kn. ak kêna ing, kêpranan, kêtaman; kc. kêna.
(kêkêp): di-[x] kn dirangkul dipênêtake ing dhadha; ngêkêp ent: ora tau mêtu-mêtu (mêmpên); kc. kêkêb.
kêkêr: kn 1 kêrêp sarta kêncêng (tmr. tampar, nam-naman lsp); 2 mawa lêlêmpitan (pating jêngkêrut); di-[x] ak: 1 disimpên, didhêlikake; 2 digawe wadi; [x]-an: prakara kang winadi.
kêkês: I kn 1 krasa adhêm bangêt; 2 ent. wêdi, miris, tansah sumêlang. II di-[x] kw: disimpên, didhêlikake.
kêkêt: kn rakêt bangêt (ênggone nèmplèk lsp); kc. kêkêd.
kêkilapan: kn kliru, kêlalèn; kc. kilap.
kêkurangan: n. kêkirangan k kurang, kêmlaratan; kc. kurang.
kêl: kw. ak 1 wêdi, giris; 2 bêtah, sabar.
(kêla): di-[x] kn digodhog ut. diolah (tmr. jêjangan); kc. kêlan.

kêlab-kêlab: kn. ak lembak-lembak, ngombak-ombak (tmr. gêndera lsp); kc. kêlap.
kêlaban: kn. ak kêlêban, kêlèban.
kêladuk: kn kakèhan, rada bangêt; kc. laduk.
kêlajêng: k 1 kêbanjur; 2 êngg. klayu.
kêlajuk: kn kakèhên, kêluwih-luwih; kc. lajuk.
kêladhon: kn kêlêban ing ladhu.
kêlagan: êngg karo, lan.
kêlah: (W) kn 1 gugat; 2 nggugat; di-[x]-ake: digugat.
kêlair: kn. ak kêwêtu; kc . lair.
kêlaya-laya: kn. ak kêraya-raya.
kêlayah: êngg têturon.
kêlayan: k. ak karo, lan.
kêlayu: kn. ak klayu.
kêlak-kêling: kn 1 ar. panganan; 2 blêngkêran wêsi dianggo gêgêman.
kêlaku: n. kêlampah k. ak lumrah, tumindak ing akèh; kc. laku.
kêlakon: n. kêlampahan k 1 wis tumindak (dadi, kêpungkur lsp); 2 kêturutan kang dadi sêdyane (pangarêp-arêpe); kc. laku.
kêlalèn: n. kêsupèn k. kêlimêngan ki (ora dijarag) lali.
kêlam: (W) kn wilahan wêsi (kayu) dianggo pikukuhing sambungan; di-[x]: disambung nganggo kêlam.
kêlamban: kn lamba bangêt.
kêlamèn: k. ak kêlawasên.
kêlamun: I (ut. [x]-an) êngg. ak 1 kasaput ing pêpêtêng; 2 ent. ora pati wêruh; kc. klamun. II kw: yèn; kc. lamun.
kêlan: kn 1 jêjanganan; 2 nggodhog (olah) janganan; kc. kêla.
kêlantih: êngg. kn ngêlih.
kêlantur: kn 1 kêbanjur-banjur (ênggone duwe kamanuhan ala lsp); 2 kêbanjur owah saka baku nanging wis kaprah (tmr. têtêmbungan lsp); kc. lantur.
kêlancur: êngg. kn kêbanjur, kêlacut.
kêlang: kn wis atos bangêt (marga wis lawas disimpên, dianggo lsp, tmr. kayu, grabah lsp).
kêlangip: kn. ak kêluwèn, kalirên.
kêlangkèt: pc kuru bangêt.
kêlangkung: k. ak 1 kliwat; 2 kêluwih.
kêlangsu: kn. ak wis lungse, kasèp.
kêlangso: pc kêlangsu.
kêlauk: êngg. kn kêbacut, kêlantur.
kêlaun-laun: êngg. kn kêbanjur, kêlantur.
kêlaut: êngg. kn kêbanjur, kêlantur.
kêlap-kêlap: kn katon gêbyar-gêbyar adoh; kc. kêlab, kumêlap.
kêlap-kêlip: pc mêrêm mêlèk.
kêlapan: kw ngêlih, kêluwèn; kc. lapa.
kêlar: I n. kuwawi k. êngg kuwat, bisa nindakake; di-[x]-i ak: dikuwati, disangga wragade lsp. II (W) pc: wis rampung.
kêlara-lara: kn. ak bangêt ênggone nangis, susah lsp.

kêlarènên: k kêbocahên.
kêlas: (W) kn pangkat (undha-usuking golongan).
kêlasi: (Prs) kn. ak punggawa prau, matrus.
kêlat: I (ut. [x]-an) êngg. kn 1 tampar (ut. sigaran pring apus) dianggo narik wit kang ditêgor; 2 tampar panthêngan layar; di-[x] êngg. kn: dikêlèti; kc. kêlèt.
kêlatan: êngg. pc kasèp; kc. lat.
kêlat-bau: kn bngs. gêlang ing bau.
kêlaton: êngg. pc kobong; kc. latu.
kêlacak: kn. ak kêcandhak (tmr. maling kang dilari); kc. lacak.
kêlacut: kn kêbacut, kêbanjur, kêladuk.
kêlawan: kn. ak karo, lan.
kêlawasên: n. kêdangon k wis lawas bangêt.
kêlawun-lawun: kw enggal gêlis gêdhe.
--- 204 ---
(kêle) ~ kêlunyon.
(kêle): I [x]-[x] kn sumèlèh sajak ora kopèn, linggih ijèn. II kn: bngs. gêdhang alasan.
kêlèban: kn. ak kêlêban.
kêlèd: êngg. kn aras-arasên, kêsèd; kc. kêlèt.
kêledhok: êngg. kn kliru pangetunge.
kêlèhèn: êngg kêpriye, geneya.
kêlèyak, kêleyok: pc kêplênyok.
kêlèyèk: kn. ak kalah.
kêlèk-kêlèk: kn pêpindhan swaraning pitik cilik.
kêlèmèn: êngg kêpriye, geneya.
kêlèmêngan: êngg. k kêlalèn; kc. kêlimêngan.
kêlèmpot: êngg. kn nginêp.
kêlèng: I gêntha kêkêlèng kw gêntha cilik dianggo têngara sêmadi. II ks: dituturi, dikandhani.
kêlèp: (W) pc angkup-angkupan ing kompa lsp.
kêlèpèn: êngg kêpriye, geneya.
kêlepyan: êngg kêlalèn.
kêlepun: êngg. k kêlèhèn.
kêlèr-kêlèr: kn. ak anjrah, sumêbar; kc. lèr.
kêlèt: I kn 1 plikêt krakêt; 2 ak. rumakêt bangêt, lèngkèt; 3 êngg. bngs. klambi ora landhung; di-[x] êngg: ditèmplèkake, dirakêtake; kc. kêlèd, kalèt. II di-[x](-i) kn: 1 êngg. didilati; 2 êngg. disigari; 3 diklècèpi kulite (wlulange). III ora [x] êngg. ks: 1 ora bisa; 2 ora duwe.
kêlêb: (-an) kn kêlêm ing banyu; kc. lêb.
kêlêbu: n. kêlêbêt k. ak klêbu.
kêlêbon: n. kêlêbêtan k dilêboni ora kêjarag; kc. lêbu.
(kêlêd): sa-[x]-an kn saêmplokan, saulon; kc. êlêd.
kêlêg: kn. ak katut diulu; kc. êlêg.
kêlêgan: kn lêga atine; kc. lêga.
kêlêgèn: kn kêladuk lêgine.
kêlêgon: kn. ak kuwajiban; kc. lêgon.

kêlêm: I kn 1 amblês ing banyu, kêlêban banyu; 2 ora anggrung (ora mbuwang swara), ora katon sumringah (tmr. warna). II [x]-an: 1 kn. kluwa; 2 êngg. k. kêtela pêndhêm; 3 êngg. k. baya. III kn: saèm. kêndhal kang krakêt ing badaning jabang bayi.
kêlêman: k kêlêmon.
kêlêmèn: k. ak kêlêmon.
kêlêmon: n. kêlêman k kêladuk lêmune.
kêlêmpon: êngg. kn kêturon, kêsuwèn êngone turu.
(kêlêng): di-[x], [x]-an kn 1 diwêdêl irêng thok (tmr. jarit lsp); 2 digawe irêng tanpa pamor (tmr. kêris lsp).
kêlênggak: kn. ak tiba nglênggak; kc. lênggak.
kêlêngki-lêngki: kw kalawan bangêt.
kêlêpatan: k kêluputan.
kêlêtan: kn ana êlêt-êlête; kc. lêt.
kêli, kêlik: êngg. pc thole.
kêliya: pc tumiba ing tanganing liyan; kc. liya.
kêlim, kêlin: êngg. ak domdoman plipidan; di-[x] ak: diplipid.
kêlimêngan: 1 kw. kêsaput ing pêpêtêng; 2 ki. kêlalèn.
kêlimunan, kêlimutan: kw kc. kêlimêngan.
kêlimpe: kn 1 ak. kurang prayitna nganti kêna dilimpe; 2 êngg. lali, kêlalèn; kc. limpe.
kêlimpêt: êngg. kn kêtlingsut.
kêlimput: kw 1 ilang saka pandêngan; 2 kêsaput ing pêpêtêng, kêtutupan; 3 ent. kêtutupan ing hawa nêpsu lsp; kc. limput.
kêlin: êngg. ak plipidan; kc. kêlim.
kêlindhês: êngg. kn 1 kêtlindhês; 2 kalah.
kêlindhih: kn. ak 1 kalah, kasoran; 2 ([x] pikire) kurang pintêr.
kêlintang: kn. ak kêliwat (bangêt).
kêling: I kêkêling kw sêdhih, susah. II kn: kêlak-kêling (ar. gêgaman); gêlung [x] ak: ar. gêlungan ing wayang; di-[x]: 1 dianjingake sarana digêmblèng (tmr. sindik wêsi, sambungan lsp); 2 diantêm nganggo kêling. III kn: ar. bangsa ing Indhiya ngarêp (Hindhu).
kêlingkung: kn. ak kêlalèn, lali.
kêlinglap: êngg. kn kêtlingsut.
kêlingse: êngg. kn wis lungse.
kêlingsut: êngg. kn kêtlingsut.
kêlip: I [x]-[x] kn katon gêbyar-gêbyar cilik (tmr. diyan lsp), kêthip-kêthip (tmr. mata); kc. kumêlip. II êngg. pc: dhuwit nèkêl (5 sèn). III êngg. pc: pakumpulan bal-balan.
kêlir: kn 1 pagêr bata saburining regol (dianggo aling-aling); 2 lawon putih kanggo nampani wayanganing wayang wlulang (uga kanggo ing gambar sorot); nganggo [x]: nganggo aling-aling (ora barès).
kêliru: ak kc. kliru.
kêlit: I kn. ak krakêt bangêt; kc. kêlèt. II kw: ngapusi.
kêliwat-liwat: n. kêlangkung-langkung k. ak bangêt(-bangêt).
kêlu: I êngg. kn 1 bisu; 2 bodho bangêt. II kn. ak: tumungkul, ndhungkluk; kc. ngêlu, gêlu, kêlon.

kêlud: kn piranti dianggo rêrêsik (têtêbah) lumrahe sing digawe sêpêt; di-[x]-i: dirêsiki nganggo kêlud.
kêluh: kn tampar ut. gêlangan wêsi dilêbokake ing irung sapi lsp. dianggo ngêndhalèni; di-[x]-i: ditrapi kêluh.
kêluk: êngg. kn 1 kukus, uwab; 2 kêbul; 3 kêlok, misuwur.
kêlulun: kw katut.
kêlumah: kn tiba mlumah; kc. lumah. mlumah.
kêlumrah: n. kêlimrah k. pc kaprah; kc. lumrah.
kêlun: I kw lakuning kêbul kang alon; di-[x]: 1 êngg. digulung; 2 ak. diklumpukake (lan dikuwasani); 3 ak. katut; kc. alun, kumêlun, êlun. II ([x] alane): wis misuwur alane; kc. lun.
kêlunta-lunta: kn 1 kêbanjur-banjur (nganti adoh lan kêsasar-sasar); 2 kêtula-tula; kc. lunta.
kêlunyon: kn 1 lunyu bangét; 2 ak. kêpletre ing papan kang lunyu.
--- 205 ---
kêlungsèn ~ kêmbang.
kêlungsèn: kn wis lungse bangêt.
kêluputan: n. kêlêpatan k nglakoni luput; kc. luput.
kêlurung: kn 1 ak. kêbacut-bacut ênggone ora bêcik; 2 pc. kêdhêmênên bangêt.
kêluron: kn nglairake jabang bayi kang durung mangsane.
kêlus: êngg. ak kêluk; kc. kumêlus.
kêluwas: êngg kêluron.
kêluwèn: kn. ak ngêlih; kc. luwe.
kêluwih-luwih: n. kêlangkung-langkung k bangêt.
kêlobokèn: kn lobok bangêt.
kêlojok: kn kakèhên, kêladuk; kc. lojok.
kêloh: êngg. pc kêluh.
kêlok: kn misuwur; kc. kalok.
kêlon: (-an) kn têturon kêkêpan (biyung karo anak); di-[x]-i: disandhing turu lan dikêkêp.
kêloncong: êngg. ak kêbanjur; kc. loncong.
kêlop: I [x]-[x] pc mêlèk amba (matane). II pc: 1 (ut. kêlong) dhuwit nèkêl (5 sèn); 2 blèg lsp. bundêr digarani dianggo têngara (ing dalan sêpur lsp). III (W) pc: cocog, trêp (tmr. petungan).
kêlorop: pc kêblasuk, kapitunan; kc. lorop.
kêlos: (W) kn 1 ak. ikalan; 2 (bênang [x], bolah [x]) bênang wêton Eropah.
kêlot: kn. ak patohan, bêtah tarung (tmr. jago adon).
kêmajon: n. kêmajêngên k 1 kêladuk ênggone maju; 2 kêladuk murang tata (ênggone gunêman); kc. maju.
kêmadha: kn coraking bathikan minangka pinggiran (tmr. ikêt, kêmbên); dikêmadhani: dibathik kêmadha; kêmadhan: nganggo kêmadha.
kêmadhèh: êngg kêmadhèyan.
kêmadheyan: kn ar. têtuwuhan sing nèmplèk ing wit.

kêmadhuh: kn ar. wit godhonge gatêl bangêt; tunggak [x] pc: tilas maru (mungsuh).
kêmaga(n): kn. ak gêla.
kêmagan: kn gamêlan cilik.
(kêmah): di-[x]-[x] kn dimamah (banjur dilêpèh).
kêmaha: êngg. kn njarag, têmaha.
kêmayangan: kn (bêgja [x]) bêgja bangêt.
kêmayu: pc kênès bangêt; kc. kumayu, ayu.
kêmaki: pc kumintêr; kc. kumaki, kaki.
kêmalan: [x] cangkêm pc kakèhan omong; kc. kamalan.
kêmalingan: n. kêpandungan k: kêlêbon maling.
kêmalo: kn bngs. blêndok dianggo ngêcèt pêndhok; di-[x]: dicèt ing kêmalo.
kêmalot: kn. ak alot bangêt, wulêd; kc. alot.
kêmamang: kn ar. mêmêdi awujud gêni.
kêmampo: pc satêngah matêng (tmr. pêlêm).
kêmanak: kn ar. rêricikaning gamêlan prunggu kaya gêdhang (kênongan cilik).
kêmandèn, kêmandhèn: êngg. kn duwe lêlara ing wêtêng.
kêmanjingan: êngg. pc kêpanjingan.
kêmanjon: kn ora bisa turu manèh marga kagol.
kêmadhah: kn (ut. di-[x]-ake) diêlih (ngalih) mênyang panggonan liya (tmr. saradhadhu, wong nyambut gawe lsp).
kêmandhang: pc kumandhang.
kêmanigan: êngg. kn. ak 1 kêpêksa ngêdol barange kanthi rêga luwih murah tinimbang karo panganyange kang dhisik; 2 ora kêdadean (kang disêdya lsp).
kêmanungsan: kn. ak konangan ing wong; kc. manungsa.
kêmantèn: êngg. kn pangantèn.
(kêmanyu): di-[x], kêmanyon kn. ak diwêdêl (diwèntêr) biru nom.
kêmangga: kn ar. kewan bngs. kêmlandhingan lsp.
kêmanggang: kn isih cilik prayoga yèn diolah panggang (tmr. pitik).
kêmangi: kn ar. têtuwuhan godhonge sok dianggo lalab; lanang [x] ks: wong lanang kang jirih bangêt.
kêmangsa: kn. ak kêdadak, durung têkan ing mangsane.
kêmaos: êngg. k kêmadha.
kêmara: kw kumandhang; kc. kumara.
kêmarang: I êngg. kn tawon. II êngg. kn: ar. wadhah kang digawe sada arèn lsp. diênam.
kêmaru: pc duwe maru.
kêmaruk: kn 1 bungah bangêt (umuk) dening duwe apa-apa kang maune durung tau duwe; 2 êngg. pc. akèh bangêt ênggone mangan (marga mêntas lara).
kêmarung: kn êrining oyod gêmbolo (gêmbili); ngrêgêm [x] pr: ngêmong wong kang angèl wêwatakane.
kêmarogan: kn ar. têtuwuhan.

kêmaron: I ([x] pikire) kn. ak ora sawiji pikirane. II êngg. kn: pangaron.
kêmasan: kn 1 bakul mas intên; 2 tukang gawe dandanan mas intên.
kêmat: (A) kn. ak tênung; di-[x] ak: ditênung; kc. ikmat.
kêmata: kn. ak katon cêtha, dipindêng; kêmatan ak: kawruhan, konangan; kc. mata.
kêmatal: kn mèh garing ana ing wit (tmr. jagung, kara lsp).
kêmatus: kn. ak lara watuk gêtih (T.B.C.); [x] gêtih: tansah ngêtokake gêtih sabakdane duwe anak (tmr. wong wadon); [x] tinja: lara ising-isingên bakda duwe anak.
kêmba: kn ora kalawan mantêp, ora mêmpêng, cêmplang (tmr. panganan lsp); [x] wang pc: (mangan, gunêman) mung tinimbang nganggur; dikêmbani ak: digawe kêmba.
kêmbang: n. sêkar k 1 bêbakaling woh lumrahe mawa lêmbaran, sungut sari, bakal woh, sarta endah warnane; 2 (a-[x]) mêtu kêmbange; 3 br. minangka rêrêngganing ...; 4 trutul putih ing awak (bakal dadi pathèk lsp); 5 ent. dadi ngalamating ...; di-[x] n. dipunsêkar k: 1 ak. direngga ing kêmbang lsp; 2 dicorak
--- 206 ---
gambar kêmbang lsp. (tmr. kêmbên lsp); di-[x]-i n. dipunsêkari k: dirêngga ing kêmbang; [x]-an n. sêkaran k: rêrênggan wujud kêmbang (gambar kêmbang); kêkêmbangan n. sêsêakaran k: 1 kêmbang warna-warna; 2 rêrênggan gambar kêmbang lsp; kc. ngêmbang.
kêmbang-api - kêmit bumi.
kêmbang-api: kn bngs. mêrcon (dipêtha warna-warna).
kêmbang asêm: kn abang sêmu kuning (tmr. ulêsing kucing).
kêmbang-borèh: kn kêmbang karo borèh dianggo sajèn.
kêmbang durèn: kn kuning (tmr. ulêsing jaran).
kêmbang dhuwuran: kn kêmbang borèh kang ditumpangake ing tukon pasar (dianggo sajèn).
kêmbang gula: kn panganan mut-mutan kang digawe gula.
kêmbang karang: kn têtuwuhan sêgara kang thukul ing karang.
kêmbang lambe: pc (dadi [x]) tansah diucapake.
kêmbang lêson: kn kêmbang tlasih dicampur êmpon-êmpon dianggo ngêdusi bocah kang mêntas lara.
kêmbang paès: kn kêmbang kang sapisanan (ora dadi woh).
kêmbang pilangên: kn godhonge padha kuning-kuning (tmr. pari lsp).
kêmbang sêtaman: kn kêmbang campuran warna-warna dianggo sarat misuhi pangantèn lsp.
kêmbang têlon: kn kêmbang kênanga, kanthil lan mlathi (dianggo ngirim).
kêmbang campur-bawur: kn kêmbang campuran dianggo sajèn.
kêmbang waru: kn. ak arênging sumbu (ucêng-ucêng) diyan.
kêmbar: kn 1 padha rupa; 2 (bocah [x]) bocah loro laire barêng; [x] dhampit: bocah kêmbar lanang karo wadon; [x] gantung: bocah kêmbar sing siji laire lêt sawêtara dina; [x] mayang: gagar mayang kanggo sarat pangantèn katêmu; di-[x]: 1 ak. digawe padha rupa; 2

êngg. disusoni disêlang-sêling karo diombèni pohan; di-[x]-i ak: ditandhingi, ditimbangi; [x]-an: kang dianggo ngêmbari, kang padha rupane.
kêmbêl: kn. ak kêblêsêk ing êmbêl.
kêmbên: kn. kasêmêkan ki: jarit ciyut dianggo nutupi dhadha.
kêmbêng: ki 1 kêmu; 2 êngg. susur; [x]-[x] êluhe: ing mata kêbak luh nanging ora tumètès; ngêmbêng: 1 ak. mambêg, kêbak banyu (ora mili); 2 ak. kêbak luh nanging ora tumètès (tmr. mata); 3 br. ngêmot, ngêmu rasa, nandhang, up. ngêmbêng prihatin; kc. kumêmbêng.
kêmbêli: êngg. kn bngs. kampil ut. kasang.
kêmbik-kêmbik: êngg. pc arêp nangis.
kêmbu: êngg. ak bngs. kêpis, tumbu.
kêmbul(-an): kn bêbarêngan (mangan lsp); [x] ajang ak: mangan tunggal saajang; [x] pikir ak: golong pikir; di-[x]-i ak: 1 dibarêngi (dikumpuli) ênggone mangan, dirojongi; di-[x]-ake êngg: dikumpulake, dicarub.
kêmbung: kn: 1 êngg. njêbubug wêtênge marga masuk angin; 2 2 êngg. mlêmbung; 3 ar. iwak loh.
(kêmbong): [x]-[x] kn. ak kêbak banyu, banyune mambêg; di-[x] ak: 1 diêlêb ing banyu, dikèhi banyune; 2 ent. diuja pangane.
kêmbroh: kn têlês kêproh.
kêmeja: I kn klambi rangkêpan. II êngg. ak: meja.
kêmejan: êngg. kn kêmeja (klambi rangkêpan).
kêmedhe: êngg. pc kumidhi.
kêmèn: êngg bèn, karêbèn.
kêmendho: pc durung pati tuwa (tmr. krambil).
kêmèntèng: êngg. kn jirak, kêpundhung.
kêmèng: kn 1 êngg. ampang, ora antêb; 2 cilik ampang (tmr. swara).
kêmèrèn: kn. ak mèri.
kêmeron: kn ora sawiji pikire (kêkarêpane lsp); kc. kêmaron.
kêmêgihan: kn. ak gila bangêt; kc. gila.
kêmêkêlên: êngg. kn kaku bangêt ênggone ngguyu; kc. kamikêkêlên, kêkêl.
kêmêl: (kêmèl ak) kn kêmpêl krakêt.
kêmêmping: pc isih ênom (tmr. pari; kc. kumêmping.
kêmêndhak: êngg. kn mêndhak (alèn-alèn sanggan ukiran).
kêmêndhing: kn ar. têtuwuhan.
kêmêndhir: êngg. pc panggêdhe, lêlurah; di-[x]-i: dipanggêdhèni (tmr. saradhadhu lsp).
kêmênthus: pc ambêk wani, ambêk pintêr; kc. kumênthus.
kêmêng: I kn krasa kaku kêncêng (tmr. tangan lsp). II di-[x] kn: 1 diunthêt, ora disêbutake; 2 ora diblakakake kabèh.
kêmêrgèn: k kêdalanan.
kêmêrki: kn tuma pitik; kc. mêrki.
kêmêruk: (-buntut) kn dêgan ênom.
kêmêton: n. kêmêdalan k 1 mêtu ora dijarag; 2 mêtu wohe akèh (tmr. panèn lsp); 3 kêladuk ênggone mêtu; kc. mêtu, wêtu.

kêmidhi: pc kumidhi.
(kêmil): di-[x](-i) kn 1 diêmud ing wang; 2 pc. dipangan; [x]-an: 1 kanthongan pangan ing wang (tmr. kêthèk); 2 pc. panganan.
kêmilon: êngg. kn pangilon.
kêmini: pc kumintêr (tmr. bocah wadon); kc. kumini.
kêminggirên: pc minggir bangêt.
kêmirêngan: k kêprungon.
kêmiri: kn 1 wit sarta wohe atos; 2 polok (ing sikil); rêbut (nggêpuk) [x] kopong pr: melik prakara kang sapele; kutuk nggendhong [x] pr: wong mênganggo mrabot liwat dalan kang gawat.
kêmis: I kn ar. dina kang kalima. II di-[x]-i ak: diêmisi; kc. êmis, ngêmis.
kêmit: kn jaga (tungguk) ing wayah bêngi; di-[x]-i: dijaga, dirêksa; [x]-an: tungguk.
kêmitan: kn. ak jimat.
kêmit bumi: kn abdi-dalêm kang pinatah rêrêsik, ngangsu lsp.
--- 207 ---
kêmladhakan - kêmpongan.
kêmladhakan: kn cêmpaluk (asêm ênom).
kêmladheyan: kn ar. têtuwuhan kang uripe nèmplèk ing wit liya; [x] ngajak sêmpal pr: sanak sêdulur kang gawe karusakan.
kêmlaka: kn ar. wit.
kêmlakarên: kn kêwarêgên bangêt.
kêmlanda: pc pambêkane kaya Wlanda.
kêmlandhingan: kn 1 bngs. kêmangga gêdhe manggon ing wit-witan; 2 êngg. ar. wit (lamtara).
kêmlantahên: kn. ak ora bisa matêng.
kêmlancang: kn. ak lancang bangêt.
kêmlawe: pc obah-obah tmr. tangan lsp; kc. klawe.
kêmlêkêrên: kn 1 ak. ora bisa mêtu ut. lunga; 2 ora bisa nêtês (tmr. êndhog).
kêmliya: pc kaya wong liya.
kêmlingkingên: pc kêgaringên bangêt.
kêmluhur, kêmluwung: kw luhung, luwung.
kêmlunggi: kn ar. têtuwuhan.
kêmlungkung: pc ambêk linuwih; kc. kumlungkung.
kêmlurusên: pc saya suwe saya kuru (marga ngênês lsp).
kêmlondho: pc durung duwe lar (tmr. gangsir lsp).
kêmu: kn. gurah, kêmbêng ki ngrêsiki cangkêm nganggo banyu; ngêmu: isi, ngêmut, up. ngêmu gêtih; dikêmoni (dikêmbêngi ki): diresiki nganggo (banyu lsp) tmr. cangkêm.
kêmuda: êngg. kn lèmèking pangantèn kang ditêmokake; kc. kumuda.
kêmudhi: kn piranti dianggo ngenggak-enggokake lakuning prau, dikêmudhèni: 1 dienggak-enggokake lakune (tmr. prau); 2 ent. diiguhake, diêrèh, dipanggêdhèni.
kêmuku: kn (angêt [x]) mangêt-mangêt.
kêmukus: kn 1 mêtu kukuse; 2 ar. bumbon crakèn; kc. kumukus.

kêmul: kn. singêb ki 1 krukubing awak ing nalikane turu lsp; (ut. a-[x], [x]-an) nganggo kêmul; di-[x]-i: 1 dikrukub ing kêmul; 2 ditutupi, dilimputi.
kêmumu: kn ar. wit.
kêmunah: kn. ak daya srana kang marakake; 2 ngreka murih.
kêmundurên: kn kêladuk ênggone mundur; kc. mundur.
kêmunjilan: êngg. kn wuragil.
kêmuning: kn ar. wit kayune kuning.
kêmuritên: kn grêgêtên bangêt (ilang sabare).
kêmucing: pc sulak (kêbut wulu).
kêmojing: kn ar. woh.
kêmodhong: I kn. ak ar. guna-dhêsthi. II gong [x] kn: gong awujud wilahan (dudu gong gantung).
kêmomosên: êngg. kn jêlèh, bosên.
kêmon: kn. pagurahan ki banyu lsp. kang dianggo kêmu.
kêmonah: kn. ak kêmunah; di-[x] êngg: direka-reka murih.
kêmocor: pc tansah mêtu (idune, marga kêpengin bangêt lsp); kc. kumocor.
kêmpal: k kumpul.
kêmpang: êngg. kn wis ora doyan.
kêmpar: êngg. kn ar. iwak sêgara (digawe gêrèh ut. trasi).
kêmpar-kêmpor: kn. ak gêmbar-gêmbor.
kêmpas-kêmpis, kêmpis-kêmpis: kn bantêr ambêkane (mêntas mlayu lsp).
kêmpas-kêmpus: pc tansah nyêbul (ndamu); kc. kêmpus.
kêmpas-kêmpos: pc kumêbul ênggone udud; kc. kêmpos.
kêmpèk: êngg. kn lumbung; [x]-an êngg: kanthong; kc. kampèk, kêpèk.
kêmpèng: êngg lêmpèng; di-[x] êngg: diênêng-ênêngi sarana disusoni; kc. êmpèng.
kêmpès: kn mari mlêmbung, kimpês.
kêmpêl: 1 kn. kumpul krakêt (ora ajur); 2 êngg. k. kumpul.
kêmpis: I êngg. kn kêpis. II [x]-[x] kn: bantêr ambêkane (mêntas mlayu lsp).
kêmpit: I di-[x] kn 1 digawa (dipèpèt) ing cangklakan; 2 dipèpèt ing wlakang; 2 pc. dikanthi, diopèni lan diayomi; 4 dikayuh (tmr. wade lsp); di-[x]-ake: dikayuhake; [x]-an: 1 indhing (gombal ut. kacu dilinting dianggo cawêt yèn pinuju nggarap banyu); 2 wade lsp. kang dikayuh; 3 êngg. pangindhung; 4 êngg. diluputake ing pagawean desa mung kapatah nyambut gawe ing prabot desa. II kn: bngs. gêrèh.
kêmpyang, kêmpyung: kn. ak rame tmr. swara; di-[x]-i: direwangi supaya mundhak rame.
kêmplang: I di-[x] kn 1 ak. dipepe ing panasan; 2 ora disauri (utange). II kn: ar. panganan.
kêmple-kêmple: pc ijèn thil.
kêmplèng, kêmpling: pc pintêr bangêt, bêcik bangêt.
kêmplès: êngg. kn kêmpès.

kêmplêng: êngg. kn ar. panganan; kc. kêplêng.
kêmplung-kêmplung: pc katon akèh lan mandhêg (tmr. banyu lsp).
(kêmplong): di-[x]-i kn dithuthuki nganggo gandhèn lsp. supaya alus (tmr. mori, klika kayu, klasa pasir lsp); [x]-an: kayu kang dianggo ngêmplongi.
kêmpu: êngg. kn wadhah bundêr mawa tutup (dianggo wadhah kinang lsp).
kêmpukên: kn kêladuk êmpuke; kc. êmpuk.
kêmpul: knb ar. rêricikaning gamêlan saèm. gong cilik; nyuwuk [x] pc: ngrusuhi (ngribêdi) wong rêrêmbugan.
kêmpung: êngg. kn puyuhan.
kêmpus: I êngg. pc omong gêgorohan (umuk-umukan); di-[x] pc: didamoni. II kn: ar. iwak sêgara.
kêmput: kn nganti têmu-gêlang (tmr. ngubêngi), têkan ing pungkasan (muput); di-[x]-i ak diubêngi nganti têmu gêlang, ditutupi kabèh; di-[x]-ake pc: diulur nganti kêmput.
kêmpol: êngg. kn êmpol.
kêmpong: kn 1 kêmpot pipine (marga wis êntèk untune); 2 êngg. nglêmpèt wêtênge, kalirên; [x] perot pc: wis tuwa bangêt.
kêmpongan: êngg. kn lêmpèng.
--- 208 ---
(kêmpor) - kêndhuruk.
(kêmpor): ngêmpor kn. ak mbêngok, gunêman sêru; kc. kêmpar-kêmpor.
kêmpos: I [x]-[x] pc katêrangan wêtuning napas sapi lsp; kc. kêmpus. II pc: kêmpès, nggêmbos.
kêmpot: kn lêgok pipine dening kuru (tuwa); kc. kêmpong.
kêmprang: mak [x] pc pêpindhan swaraning barang tiba pêcah.
kêmprung, kêmprong: pc swara bêbarêngan rame bangêt (kothèkan lsp); kêmprungan êngg. janggrungan, nayuban.
kêmproh: kn ora rêsikan (sandhang panganggone).
kêmpros: êngg. pc sugih omong kang ora nyata.
kêmrayap: pc katon uyêk-uyêkan akèh bangêt; kc. rayap.
kêmrakas: kn. (kêmraos êngg. k): blèg.
kêmriyak: pc krasa kriyak-kriyak.
kêmripik: pc garing gampang cuwil-cuwilane.
kêmrujak, kêmrucuh: pc enak-enake digawe rujak, rucuh (tmr. wowohan, isih rada mêntah).
kêmruyuk: pc uyêk-uyêkan (rubung) bangêt; kc. kruyuk.
kêmrunggi: kn ar. têtuwuhan.
kêmrungsung: pc ora têntrêm atine.
kêmropok: pc 1 garing sarta gapuk; 2 mangkêl bangêt, panas bangét atine.
kêna: n. kenging k 1 ora luput ênggone namakake, up. dibêdhil [x] sikile; 2 kêtaman ing (uga. ent.), up. [x] ing tumbak, [x] pajêg: 3 bisa dipigunakake, up. [x] dipangan; 4 olèh (ora dilarangi), up. [x] sabên wong [x] mlêbu; [x] ing pati br: bisa mati; ora [x] ora: kudu; dikênani

ak: ditamani: dikênakake: 1 ditamakake nganti kêna; 2 ditumrapake marang, dicakake marang; 3 dililani, diidini.
kênaka: kw. ki kuku.
kênal: êngg. pc wanuh, têpung; [x]-an: têpungan, kawanuhan.
kênang: I êngg thole. II êngg. pc: kêna(-ing).
kênanga: kn ar. kêmbang.
kênang-apa: êngg. pc geneya, sabab apa.
kênang: êndi êngg. pc mênyang êndi.
kênang gene: êngg. pc geneya, sabab apa.
kênap: (W) kn meja bundêr (pêsagi) cilik.
kênarèn: kn. ak wadhah wangi-wangi ing kacu.
kênari: kn 1 ar. wit sarta wohe atos; 2 ar. manuk ocèh-ocèhan.
kênas: kw 1 kêthèk; 2 kidang.
kêndap-kêndip: êngg. kn mêndap-mêndip.
kêndêl: kn duwe kawanèn, ora jirih.
kêndêman: n. kêwuron k. ak mêndêm.
kêndhaga: n. kêndhagi k. ak bngs. pêthèn dawa.
kêndhak: kn 1 ak. nungkul, têluk; 2 suda kakêndêlane ut. kawanène; kc. êndhak.
kêndhal: I kn kênthêlaning lênga gajih. II kn: ar. wit.
kêndhali: kn praboting abah-abah jaran sing dipasang ing cangkêm; dikêndhalèni: 1 ditrapi kêndhali; 2 ent. dipêpêg, dicandhêt; 3 ws. ak. diapusi.
Kêndhang: I kn bngs. kêtipung gêdhe; di-[x]-i: digamêli ing kêndhang; [x]-an: 1 nabuh kêndhang; 2 ênggone ngêndhang; 3 kulit kang tipis. II kn: wilanganing dluwang ana 48 kêbèt.
kêndhangsul: êngg. k kêndhali.
kêndharah: pating [x] kn. ak: pating klêmbrèh (tmr. bêbêdan lsp).
kêndharakan: kn ar. manuk bngs. blêkok.
kêndharat: kn 1 tampar dianggo nuntun (nancang) raja-kaya; 2 êngg. ak. paladèn sinoman; kc. pandharat.
kêndhat: kn (ora [x]) (ora) pêdhot-pêdhot (tanpa pêdhot, banjur bae); ngêndhat: nglalu sarana nggantung lsp; di-[x]-i (-ake) ak: dilowongi, dijugag sawêtara mangsa.
kêndhèh: êngg. ak kêndhih.
kêndhèrèh: kn. ak kêndharah.
kêndhèrèk: pating [x] kn. ak padha njêbèbèhake suwiwine lan mêndhak-mêndhak (tmr. jago ngèrèki babon lsp); di-[x]-ake ak: dijêbèbèhake suwiwine.
kêndhêk: kn. ak têluk, nungkul; kc. kêndhak.
kêndhêla: kn bngs. kinjêng gêdhe.
kêndhêlang-kêndhêlong: pc tansah kêndho mlêngkung (tmr. tampar lsp); kc. kêndhêlong.
kêndhêlong: mak [x], ngêndhêlong kn: 1 (sanalika) kêndho mlêngkung (tmr. tali, tampar lsp); 2 ent. gêla, cuwa.
kêndhêng: kn tali (tampar) cilik, talining gêndhewa; gunung [x]: gunung kang lêlarikan dawa; ngêndhêng ak: katon dawa bêbanjêngan.

kêndhêrak-kêndhêrêk: pc tansah nglumpruk tanpa daya; ngêndhêrêk: katon nglumpruk tanpa daya.
kêndhi: n. lantingan k wadhah banyu kang digawe lêmah (grabah) nganggo cucuk sarta gulu.
kêndhih: kn. ak 1 kalah, kasoran; 2 nungkul, kêdhêsuk; kc. êndhih.
kêndhil: kn piranti dianggo ngliwêt kang digawe lêmah ut. têmbaga.
kêndhit: kn 1 tali (angkin lsp) kang dianggo sabukan; 2 corak putih lsp. kang ngubêngi wêtêng lsp; 3 watêsing mega ing gunung; 4 êngg. ban (ing layang lsp); 5 êngg. kalènan kang têngah (tmr. patêbon); [x] mimang kadang dewa pr: luput ing pangrenah ut. bêbaya (patohan bangêt); di-[x]-i: disabuki ing kêndhit.
kêndhu: kn. ak kêndho.
kêndhukur: pating [x] pc padha pêpundhukan kaya gumuk; ngêndhukur: awujud pêpunthukan.
kêndhung: kn. ak lêlarikan jèntrèk-jèntrèk; kc. kumêndhung.
kêndhurak: kn ar. keyong ing sêgara.
kêndhurak-kêndhuruk: kn katon klumprak-klumpruk (cêkukrak-cêkukruk), katon njêbabah gêdhe.
kêndhurèn(-an): êngg. kn slamêtan; kc. kêndhuri.
kêndhuri: kn. ak slamêtan.
kêndhuruk: pating [x] pc padha katon nglumpruk (nyêkukruk), katon njêbabah gêdhe.
--- 209 ---
kêndho ~ kênthès.
kêndho: I kn 1 ora kêncêng (ênggone manthêng, nalèni lsp); 2 ent. ora singsêt (tmr. pawakan); 3 ora bantêr (tmr. angin), ora kêras (tmr. prentah lsp), ora pati payu (tmr. dêdagangan), ora mêmpêng (tmr. nyambut gawe lsp); 4 alon: [x] tapihe pc: gêlêman (tmr. wong wadon); dikêndhoni, dikêndhokake: ora dikêncêngi; kc. kêndhon. II êngg. kn: ar. kewan bngs. kalong (bajing mabur).
kêndhon, kêndhor: êngg. kn duwe pakarangan lan omah nanging tanpa sawah (tmr. wong ing padesan); kc. kêndho.
kêndhor: êngg. kn kêndho.
kêne: kw kêna (-ing).
kênèh-kênèh: êngg. pc kang ora-ora (ngênèh-ngênèhi).
kênèk: I êngg. pc kêna. II (W) kn: 1 rewanging wong makarya (tukang lsp); 2 kanthining kusir.
kênèkêr: (W) kn dhir, kêstin.
kênèng: pc kêna (-ing).
kênèng apa: (-gene) êngg. pc geneya, sabab apa.
kênèng ènyêng: êngg. pc rada gêndhêng.
kênèpêr: (W) êngg. pc japitan (rambut lsp).
kênès: kn 1 solah tingkahe kurang jinêm sarta kumayu (tmr. bocah wadon); 2 pc. gêbyar-gêbyar bangêt (tmr. intên lsp).
kênèt: êngg. kn kênèk (kanthining sopir).
kênêp: êngg. pc kênap.

kêni: I di-[x]-[x] êngg. kn diêmi-êmi bangêt, diopèni bangêt. II kw: kêna.
kênikir: kn ar. têtuwuhan.
kênil: êngg. ak kalah.
kênini: (W) kn pil asal saka wit kina (dianggo tamba lara panas).
kêning: êngg. ak bêning; kc. êning.
kêningar: kn. ak manis-jangan.
kênir: (W) kn. ak èngsèl lawang.
kênit: ak. kn arak putih.
kênul: I pc 1 sêga kang ana ing sadhuwuring intip; 2 kang pungkasan, kang enak dhewe. II mak [x] pc: katêrangan tumibaning thuthuk marang apa-apa kang êmpuk mêndat; di-[x] pc: dithuthuk (tmr. adu kêmiri).
kênup: (W) êngg. pc 1 bênik (ing gulon, krah); 2 kênthès (karêt lsp).
kênur: kn bolah rami, tali (tampar) ing pancing.
kênol: (W) kn 1 oyod kang mbêndhol; 2 pc. pêntholing putêran lawang.
kênong: I kn 1 ar. rêricikaning gamêlan sisihane kêthuk; 2 (ut. [x]-an) taningan sêga (dicithak ing bokor lsp); di-[x]-i: ditaningi nganggo cithakan bokor lsp (tmr. sêga). II êngg. pc: kêna (-ing).
kênong-apa: (-gene) êngg. pc geneya, sabab apa.
kênop: (W) kn pênthol pèjètan (ing listrik, mêsin lsp).
kênot: êngg. kn tindhik (tanpa mata intên).
kêntara: n. kêntawis k. pc kêtara.
kêntèkan: n. kêtêlasan k kêkurangan marga êntèk; kc. êntèk.
kêntèl: kn ar. bakal tênunan.
kêntut: êngg. pc ngêntut.
kêntrung: (-an) êngg. ak (mbarang) kêkidungan binarêngan ing têrbang.
kênca: êngg. kn 1 tali (tampar) kang dianggo sipatan ut. watêsan; 2 cêngkorongan, rancangan; di-[x]; 2 dirancang, dicêngkorongi.
kêncan: êngg. kn sêmayan; kc. kênca.
kêncana: (S) kw êmas.
(kêncang): di-[x] kn 1 êngg. pc. dipanthêng (ditarik ngiwa nêngên); 2 ditalèni (dicêncang) kiwa têngên.
kêncar-kêncar: kn padhang mubyar-mubyar (tmr. diyan).
kêncèng: (ut. di-[x] kn dibayar sanalika (tmr. têtuku).
kêncès: êngg. kn kopong (tanpa isi).
kêncèt: kn 1 otot sikil sadhuwuring tungkak; 2 ak. rada pincang (lakune oyag-ayig); di-[x]-i: dikêthok kêncète.
kêncêng: kn 1 ira kêndho (panarike) 2 lêncêng (tmr. garis lsp); 3 bantêr (tmr. angin, laku lsp); 4 payu bangêt (tmr. dêdagangan); 5 kêras bangêt (tmr. dhawuh, pangrèh lsp); 6 singsêt (tmr. nalèni), kukuh (tmr. nyêkêli lsp); 7 mêmpêng bangêt (tmr. kêkarêpan, niyat); di-[x]-i: 1 ditarik (ditalèni lsp) kêncêng; 2 dicêkêli lsp. kêncêng; 3 dikukuhi (tmr. panêmu lsp); 4 dikêrasi (tmr. dhawuh lsp).
kênci: kn ar. kêrtu cilik.

kêncikan: pc diênciki (ora kêjarag).
kêncing: êngg. pc uyuh, nguyuh; [x] manis: lara gulanên; kc. prawan kêncing.
kênclèng-kênclèng, kêncling-kêncling: pc 1 pêpindhaning swara cumêngkling; 2 bêcik bangêt; kc. kêncring.
kênclung: I êngg. pc rada gêndhêng. II di-[x], [x]-an, kênclongan êngg. kn: têrus disêbar ing lèlèran (tmr. wiji pari, tanpa didhêdhêr).
kêncur: kn ar. têtuwuhan êmpune digawe jamu ut. bumbu; kc. bêras-kêncur, prawan kêncur.
(kêncong): di-[x] pc disosoh didadèkake bêras (tmr. gabah).
kêncot: êngg. kn ngêlih.
kêncrang, kêncrèng, kêncring: mak [x], [x]-[x] kn pêpindhan swara têmpuking gêgaman lsp; dikêncring: dithinthing (tmr. dhuwit).
kênthang: I kn ar. têtuwuhan kang dipurih wohe ing jêron lêmah; ora ngêrti [x] kimpule pc: ora ngêrti bab kang dirêmbug. II [x]-[x] kn. ak: sumèlèh (ana ing jaba lsp) ora kopèn; kc. ngênthang.
kênthèng: I kn 1 êngg. gêndhèng; 2 ak. bngs. pangaron dianggo nadhahi gêtihing kewan kang dibêlèh; kc. lumpang kênthèng. II di-[x], [x]-an kn: dilèr, lèlèran (tmr. sawah).
kênthès: kn bngs. pênthung cilik nganggo gêmbêl (ing pucuke); di-[x] (-i): dithuthuk(-i) ing kênthès.
--- 210 ---
kênthêl ~ kêpapinan.
kênthêl: kn 1 ora cuwèr; 2 njêndhêl; 3 ora bêning (tmr. wedang tèh, kopi lsp) 4 pc. wis dadi (tmr. rêmbug), bêcik bangêt (tmr. mêmitran); di-[x]-i ak: diundhaki kênthêle; di-[x]-ake: 1 didadèkake kênthêl; 2 pc. didadèkake ênggone rêmbugan; 3 pc. ditukokake barang kang pangaji lan kêna disimpên (tmr. dhuwit).
kênthêng: I êngg. kn tampar (kawat) kang dipanthêng; di-[x](-i): diukur (diwatesi dicêngkorongi lsp) nganggo kênthêng. II êngg. kn: 1 ar. waluh; 2 ak. ar. wadhah kang digawe kulit waluh ut. kawangun kaya waluh.
(kênthil): di-[x]-[x] pc diênthil-ênthil; kc. ênthil, krênthil.
kênthing: I pc pêpindhaning swara mak thing; di-[x] pc: dikêncring, dithinthing. II ([x] kuningan) êngg: pêndhok (kuningan). III ([x]-an) dina ak: wis sêmayan (ditêtêpake) dinane. IV êngg. kn: kunthing, kunthèt.
kênthiwiri: pc tansah wira-wiri (bali).
kênthiwul: êngg. kn thiwul.
kênthug: êngg. kn kêncêng kukuh (tmr. pawakan).
kênthung-kênthung: pc pêpindhan swara thung (lêsung, kêndhang lsp).
kênthus: kn 1 ar. kewan bngs. kintêl; 2 ak. ar. kewan bngs. kancil rupane kaya banthèng cilik.
kênthong: I kn 1 (êngg) [x]-an: pring utawa kayu nganggo blèwèhan piranti kanggo awèh têngara lsp; 2 nabuh kênthongan; di-[x]-i: diwèhi têngara (kêmalingan lsp) sarana nabuh kênthongan.

kênthos: kn 1 calon thikilan ing krambil; 2 isi salak; [x]-an êngg. pc. kang kênthêl dhewe.
kênya: kw prawan; [x] puri kw: papaning para putri (ing kraton).
kênyak: pc kêpidak ing (blêthok lsp).
kênyal-kênyal: kn êmpuk mêndal (tmr. panggrayangan).
kênyal-kênyil: pc nyil-nyilan kênès.
kênyam: kn 1 rasa ing cangkêm (nalikane ngicipi lsp. uga ent); 2 pc. rasa sapisanan ing nalikane ngrungokake gunêman (wêruh pasikon lsp); di-[x](-i): dimamah lan dirasakake (uga ent).
kênyang: êngg. pc warêg.
kênyar: kw sorot (sagêbyaran); kc. kumênyar.
kênyar-kênyar, kênyèh-kênyèh, kênyir-kênyir: pc anyar bangêt.
kênyas: mak [x] pc sanalika krasa panas (gatêl lsp).
kênyas: êngg. kn bngs. tape.
kênyataan: kn kêlakon nyata têmênan.
(kênyèh): sa-[x] kn sakinangan (tmr. suruh); di-[x], [x]-an: diadoni (tmr. kinang).
(kênyêr): [x]-[x] pc têmênan lan isih cêtha alurane (tmr. sêdulur); kêkênyêr pc: mitra kang têmênan.
kênyil-kênyil: pc mêndal êmpuk (nalikane dimamah lsp).
(kênyit): di-[x](-[x]) pc disusu ing pênthile sêmu ditarik-tarik.
kênyul-kênyul, kênyol-kênyol: pc êmpuk mêndal (tmr. panggrayangan).
kênyunyuk: pc kêdumuk ing gêni (lêlandhêp lsp).
kênyung: êngg. pc 1 anak kêthèk; 2 rada gêndhêng.
kênyus, kênyos: mak [x] pc sanalika kênyunyuk (kêcocog).
kênyut: pc obah sêndut-sêndut (kêtêg lsp); di-[x] pc. disusu (disêsêp); kc. kumênyut.
kênyoh-kênyoh: kn mamah sêru (sajak atos); di-[x] êngg. ki: 1 dicakot; 2 dimamah; sa-[x]-[x]-e pc: mung anggêre muni (tanpa dipikir).
kênyos: êngg. kn bngs. tape; kc. kênyus.
kêng: êngg. pc ingkang kang, sing).
kêngangrang: kn. ak rangrang.
kêngkêng: kn 1 kaku kêncêng, kukuh kêncêng; 2 ent. puguh, cukêng; di-[x]-i pc: 1 dikêncêngi; 2 dikukuhi.
kêngulu: êngg. kn bantal; kc. karang-ulu.
kangungrungan: kw gêndhêng dening kedanan.
kêpadhan: kn. ak marêm dening ditimbangi (ênggone sih lsp); kc. padha.
kêpadhil: pc. ak kêparat (pamisuh).
kêpadhuk: êngg. kn kêpêthuk, kêtanggor, kêpapag.
kêpagol: kn kêtanggor nganti mandhêg; kc. pagol.
(kêpah): di-[x]([-x] kn dimamah disêsêp banyune (banjur dilêpèh); [x]-an: sêpah, lêpèhan.
kêpailan: kn. ak larang pangan: kc. pailan.
kêpaya: êngg. pc kêtela gantung.

kêpala: êngg. pc 1 lêlurah, pangarêp (ing kampung); 2 kang bêcik (tmr. godhong têmbako); dikêpalani pc: dipandhegani, dipangarêpi.
kêpalang: I n. kêpambêng k kêna ing alangan; kc. alang. II êngg. kn: 1 kw. têngah-têngah, sêdhêngan; ak. glondhong (sadhuwuring lurah); kc. palang.
kêpaling: êngg. kn 1 bingung, lali; 2 kêsasar; kc. paling.
kêpaluh: kn. ak kêblusuk ing blêthokan; kc. paluh.
kêpama: pc sarwa kacukupan lan sênêng (mukti).
kêpanjingan: êngg. kn kêsurupan ing setan lsp; kc. panjing.
kêpantên: êngg. k kêpala.
kêpancal: kn kasèp têkane (tmr. arêp nunggang sêpur).
kêpang: k kêpung.
kêpanggalan: êngg. pc kêpangkalan.
kêpanggih: k kêtêmu.
kêpanggok: kn kêpêksa mandhêg; kc. panggok.
kêpangkal: (-an) kn. ak kêna ing alangan; kc. pangkal.
kêpaung: kn 1 ak. kêsasar; 2 pc. ndluya, ala kêlakuane.
kêpapian: êngg. kn kelangan; kc. papin.
--- 211 ---
kêpara ~ kêpik.
kêpara: kn. ak 1 rada ... (lumrahe tmr. ênêr); 2 malah; [x] nyata: mula dhasar nyata; kêpara-kêpere pc: ora padha ênggone mara (ngêdum) ana kang kêladukên.
kêparag: kn kêtrajang ing ama lsp.
kêparak: kn ar. abdi-dalêm kraton.
kêparan-doh: kn. ak wis adoh.
kêparan-paran, kêpara-para: kn. ak nganti adoh bangêt (ênggone mlaku lsp).
kêparan tutuh: kn dadi tutuhan, ditutuh; kc. tutuh.
kêparat: kn. ak wong kapir (lmr. dianggo pamisuh).
kêparêng: kn 1 olèh palilah (idin); 2 olèh, kêna; 3 sênêng (ing ati); kc. parêng.
kêpasuk: kw kêna ing, kêtaman, dilêboni.
kêpatèn: n. kêpêjahan k kêsripahan (ana kang mati); 2 kelangan, ana kang ilang; [x] obor: pêdhot aluraning sêduluran marga ora ana sing nggênahake; [x] (pa-)saban: ora duwe kanca (ut. pasrawungan).
kêpati: n 1 {ut. ke-[x]-[x] n. kêpatos(-patos) k}. ak: bangêt-bangêt; 2 (kêpatos k) turu kêpenak bangêt ora nglilir-nglilir.
kêpati brata: kw mêmpêng bangêt, bangêt-bangêt (têmên-têmên).
kêpatuh: kn kêbanjur duwe kamanuhan ala; kc. matuh, patuh.
kêpatoh: êngg. pc kêpatuh.
kêpatos: k kêpati.
kêpatosan: êngg. k kêpatihan.
kêpathak: pc kêna watu êndhase; 2 ([x] kêlacak) konangan ut. kêcandhak tmr. maling; kc. pathak.
kêpe: êngg karêbèn, bèn.
kêpedak: êngg. pc kêpidak.

kêpègès: kn kiris sathithik; kc. pègès.
(kêpèh): di-[x] êngg: dikêpah.
kêpeyuh: êngg. kn kêpoyuh.
kêpèk: kn ar. wadhah mawa tutup kang digawe kepang, wlulang lsp, (sok dianggo wadhah layang lsp); 2 pc. cathêtan; di-[x]-i pc dicathêti.
kêpenak: n. sakeca k 1 rasa ut. krasa sênêng (tmr. awak, pangrungu, ati); 2 ora rêkasa; sa-[x]-e: ora kalawan rêkasa; di-[x]-ake: digawe kêpenak, ditindakake sakêpenake; kc. enak.
kêpenakan: k kêponakan.
kêpene: êngg. pc karêbèn, bèn.
kêpencut: kn katut dening kêsêngsêm (kedanan); kc. pencut.
kêpènyok: êngg. pc kêpênyok.
kêpèngèn: êngg kêpengin.
kêpèngès: kn kiris ing lading lsp; kc. pèngès.
kêpengin: kn duwe pangarêp-arêp bisaa ngrasakake (ndarbèni lsp); di-[x]-i ak: dipèngini; kc. pengin.
kêpèpèd: kn kêdhêsêk nganti mèpèd bangêt (uga ent); kc. pèpèd.
kêpering: kn. ak 1 dumunung ing sisih, rada nisih ...; 2 ora pati digatèkake; kc. iring.
kêpès: êngg. pc kêmpès.
kêpesing: kn ngising ora kêjarag (kêbêlêt ngising).
kêpèt: êngg. kn nglêmpèt, ora njêbubug.
kêpetung: n. kêpetang k katut dietung; kc. etung, petung.
kêpeca: êngg. k kêpenak.
kêpêjah: êngg. k kêpati.
kêpêjahan: k kêpatèn.
kêpêjêng: êngg. ak kaku kêjêng; kc. pêjêng, kêjêng.
kêpêdhak: I (ut. [x]-an) êngg. ak kêpêthuk, pêthukan. II kn: 1 êngg. batur tukang rêrêsik (njaga); 2 ar. abdi-dalêm ut. abdining priyayi gêdhe.
kêpêdhotan: kn. ak kêntèkan; kc. pêdhot.
kêpêgan: kn kêna ing pêga.
kêpêksa: kn kudu tumindak dening dipêksa; kc. pêksa.
kêpêl: I kn 1 (sa-[x]) sagêdhening gêgêman tangan (tmr. sêga); 2 ut. [x]-an) pc. gêgêman tangan (dianggo njotos lsp); di-[x]: 1 (ut. di-[x]-i) diênêt-ênêt sarana digêgêm (tmr. sêga); 2 ditata kaya patrape nggêgêm (tmr. tangan); 3 dikuwasani; kc. pakêpêl. II kn: ar. wit sarta wohe.
kêpêlag: kn. ak kandhêg; kc. pêlag.
kêpêlèt: êngg. pc kêpêksa ut. kêpèpèd bangêt.
kêpêndir: kn kêpêksa nindakake ijèn; kc. pêndir, mêndir.
kêpêndhak: (-an) êngg. kn kêpêthuk, pêthukan; kc. pêndhak.
kêpênêr: ak kc. kêbênêr.
kêpêntut: kn ngêntut ora dijarag; kc. êntut.
kêpêntog: pc pantog ing; kc. pantog.
kêpêncil: kn kijènan (tanpa rowang); kc. pêncil, mêncil.
kêpênthuk: êngg. kn kêpêthuk.

kêpênthong: êngg. pc kêpaluh, kêblêsêk ing blêthok lsp.
kêpênyak, kêpênyèk: êngg. pc midak tlethong lsp.
kêpênyok: êngg. pc 1 kêpênyak; 2 kêpapag, kêpêthuk; 3 nêmahi, kêna ing.
kêpêngkêr: k kêpungkur.
kêpêngkok: kn kêpapag ing, kêtanggor ing, kêpèpèd; kc. pêngkok.
kêpêp: kn ora bisa olèh hawa (marga disumpêt lsp).
kêpêr: I êngg. kn girik, layang pajêg, lsp. II kn. ak kênir lawang.
kêpêrgo: êngg. ak kêpêrgok.
kêpêrgok: kn kêpêthuk karo.
kêpêsa: pc kêpêksa.
kêpêt: kn 1 bngs. tepas dianggo ngisisi awak; 2 (ut. [x]-an) kênir (èngsèl) lawang; di-[x]-i: disiliri nganggo kêpêt; [x]-an: 1 (ut. kêkêpêt ak) nyiliri nganggo kêpêt; 2 awangun kaya kêpêt; 3 peranganing cakran kang winatêsan ing lar sarta buwêngan.
kêpêthatan: kn. ak ([x] udan) sanalika ora ana udan; kc. pêthat.
kêpêthuk: kn kêtêmu karo, pêthukan karo; kc. pêthuk.
kêpiyambakên: k. ak kijènan.
kêpiye: n. pc kêpriye.
kêpik: I êngg. kn bngs. tenggok cilik; kc. kêpèk.
--- 212 ---
II kn. ar. kewan ibêr-ibêran ambune ora enak. III ora [x](-[x]) pc: ora kalong; kc. pik.
kêpilêng ~ kêpok.
kêpilêng: kn. ak kêbrêbêgên bangêt.
kêpilis: kn. ak kêna ing pilingane (sadhuwuring mata tmr. jago).
kêpinjal: kn. ak tuma asu (kucing, tikus); kc. pinjal.
kêpinyak: êngg. kn kêpidak ing.
kêping: êngg. pc gèpèng bangêt, kuru bangêt.
kêpinggirên: kn kêladuk ana ing pinggir; kc. pinggir.
kêpingin: êngg. pc kêpengin.
kêpingkêl-pingkêl: pc ngguyu nganti njungkêl-njungkêl.
kêpipit: kn kêpèpèd, kêplèpèd; kc. pipit.
kêpirêng: k krungu.
kêpis: kn wadhah iwak kang mêntas ênggone mancing lsp. (kang digawe nam-naman pring mawa bolongan ciyut); pundhak [x]: pundhak brojol.
kêpitut: kw katut mèlu; kc. tut.
kêpithing: kn yuyu sêgara.
kêpyak: I êngg. ak ar. rêricikaning gamêlan (nywara pyak-pyak). II ([x] pisan) êngg: 1 kang kawitan; 2 wiwit; di-[x]-ake: 1 pc. diumumake, diwratakake ing akèh; 2 dipitongtonake (tmr. wayang wong lsp); 3 digiyarake kanthi samuwa (tmr. têtêpan pangkat lsp); [x]-an: têtêpan pangkat. III êngg. kn: (wong desa) lumrah.
kêpyar: kn ambyar, ora dhêmpêl (tmr. sêga lsp); kc. kumêpyar.
kêpyêk: pc rame bangêt; kc. kêpyak.
(kêpyuk, kêpyok): di-[x](-ake) pc: dikêpyuk(-ake).

kêpyur:(-kêpyur) kn 1 kaanan sumirat ut. sumawuring banyu (grimis lsp); 2 pc. nratab, kagèt; di-[x]-i: 1 disirati banyu lsp; 2 disawuri bêras lsp; 3 pc. diwènèhi (dipitulungi) pangan sawêtara; kc. klêpyur, kumêpyur.
(kêpyok): di-[x](-i) kn. ak digêpyok(-i); kc. gêpyok, kêpyuk.
kêplajar: êngg. kêplajêng k kêplayu.
kêplayu: n. kêplajêng k. kèngsêr ki mlayu ngungsi (marga kalah pêrange); kc. playu.
kêplak: I mak [x] kn pêpindhan swaraning nabok, nampèl lsp.II malam [x] kn: malam lancêng.
kêplak-kêplik: kn. ak kucêm (tmr. polatan).
kêplantrah: kn. ak kêplantrang.
kêplantrang: kn kêtêrusan ênggone mlaku (ent. kêsasar).
kêplaur: êngg. kn kobêr.
kêplarad, kêplarak: êngg. kn katut dilarak.
kêplas: kn blas (katêranganing laku kang bantêr bangêt).
kêplacas, kêplathas, kêplathus: êngg. kn kêplantrang, kêbanjur.
kêplèh: êngg. kn têlês kêproh.
kêplèk: I mak [x] pc saèm. mak kêplak. II kn: 1 ar. mainan nganggo dhuwit bêdhèkan abang putih ut. krun Arab; 2 pc. ngabotohan.
kêplêre: kn. ak kêplèsêt.
kêplese, kêplèsèt: kn tiba marga sikile mletre; kc. plèsèt.
kêpletre: pc kêplèsèt.
kêplêk: êngg. kn 1 palsu (tmr. dhuwit); 2 gêblêg.
kêplêkikên: kn cêkikên, sêgunên.
kêplênthong: kn kêblêsêk ing blêthok lsp.
kêplênyok: kn 1 midak barang kang lèdrèg; 2 pc. kapusan; kc. kêpênyok.
kêplêng: bundêr [x] kn bundêr mêmêt (kaya bal lsp).
kêplêngkang: kn (tiba, mlèsèt) sikile mênga.
kêplêpêk: êngg. pc kêblêbêk.
kêplêpêkên: kn ora bisa ambêkan (ora olèh hawa) mêrga ditutup rapêt; kc. plêpêk.
kêplêpês: kn. ak 1 putung; 2 apês bangêt.
kêplêsit: kn kêpêncil adoh karo panunggalane; kc. plêsit, mlêsit.
kêplindhês: kn kêtlindhês; kc. plindhês.
kêplipis: kn 1 kêtlindhês, kêpèpèd bangêt; 2 br. kalah.
kêpluk: mak [x] pc pêpindhan swaraning nyampluk lsp; di-[x](-i) pc: digêmpuri (tmr. Prongkalan lêmah); kc. kêpruk, ngêpluk.
kêpluwang: kn. ak kêcêmplung ing luwangan; kc. pluwang.
kêploh: êngg. kn têlês kêproh.
kêplok: kn 1 nangkêbake tangan loro nganti nywara plok-plok; 2 pc. cocog (tmr. pètungan lsp); [x] ora tombok pc: mèlu bungah-bungah ora mèlu cucul wragat; di-[x]: diwanting (tmr. wasuhan); di-[x]-i: diwènèhi sasmita (dimantêpake atine lsp) sarana kêplok-kêplok.
kêplongor: êngg. kn kakèhan pagawean.
kêpu: kn katon bundêr lêmu (tmr. rai).

kêpuh: kn 1 pêprincèning lapak kang mbêndhol; 2 wiron têkukaning dodot ing bangkèkan (gêgêr); 3 ar. wit sarta wohe; gantung [x]: têrus dianggo bae ora tau salin (tmr. sandhangan).
kêpundhung: kn 1 êngg. unthuk, punthukan; 2 ar. wit sarta wohe; kc. pundhung.
kêpung: n. kêpang k padha ngadêg (linggih) ngubêngi; di-[x]: 1 diubêngi karo padha linggih (nalikane slamêtan lsp); 2 (di-[x] wakul binaya mangap) dikupêngi supaya ora bisa oncat (tmr. nêgara, bètèng lap); [x]-an: padha ngêpung slamêtan (kêndhurèn).
kêpungkur: n. kêpêngkêr k wis kliwat (wis kêlakon); kc. pungkur.
kêpus: kw klêbus, têlês.
kêputungan: kn. ak kêpêdhotan, kêkurangan, kêntèkan; kc. putung.
kêpojok: pc kêpèpèd bangêt (kêkurangan dhuwit lsp).
kêpodhang: kn ar. manuk ocèh-ocèhan.
kêpoh: êngg kêpuh.
kêpoyuh: kn nguyuh ora dijarag (kêbêlêt nguyuh).
kêpok: I êngg. kn 1 wungkusan, êmplèngan; 2 taningan kêtan. II êngg: kêplok. III kn: êntèk marga kêna ing pok (pungkasane); di-[x] ak: diantêm lsp. ing pok kuping; kc. pok.
--- 213 ---
kêpokok(-an) ~ kêrèt.
kêpokok:(-an) êngg. ak kuwajiban, kêblabak; kc. pokok.
kêpolosan: êngg. ak ucul, koncatan; kc. polos, lolos.
kêponakan: n. kêpenakan k anaking sêdulur.
kêponto: êngg. kn kêpèpèd (dening kêkurangan lsp).
kêponthal-ponthal: kn kèri bangêt ênggone mlaku (rêkasa ênggone nututi).
kêponthit-ponthit: pc kêponthal-ponthal.
kêpong: êngg. kn tlethong, tlêpong.
kêpopoh: (-an) kn. ak kêpêksa (kuwajiban) nindakake.
kêporit-porit: êngg. pc kêponthal-ponthal.
kêpotangan: kn duwe utang marang, kêdunungan (kabêcikan lsp); kc. potang.
kêprak: kn kêpyak (ing gamêlan ut. ing wayang).
kêpranan: kw kêkênan (atine); kc. prana.
kêpranggul: kn kêpêthuk, kêpapag, kêtêmu; kc. pranggul.
(kêpras): di-[x] kn 1 dipancas, dipapras; 2 pc. dicugag (dipêdhot) tmr. gunêman.
kêprèjèl, kêprojol: pc kêbrèjèl, kêbrojol.
kêprèh: êngg. pc têlês, kêproh.
kêprèhè, kêprèwè: n. kêprèhpun, kêprepun k. êngg: kêpriye.
kêprèk: (-an) êngg. kn rèmèh, ora mbêjaji.
kêprèmèn: êngg. n kêpriye.
kêprècèt: pc mêtu mrucut ora dijarag; pc. prècèt.
kêprèwèn: êngg. n: kêpriye.
kêprêt: pc mlayu bantêr; di-[x]-i pc: disêpèlèkake; kc. prêt, êmprêt.
kêpribè(n), kêprijè(n), kêprigè(n): êngg. kêpriye.

kêpriye: n. kados-pundi k (kêprèhpun, kêpripun êngg. k): pitakon nakokake caraning nindakake (pratingkah, sabab, pamikir, banjuring lêlakon lsp).
kêprimè(n), kêpriwè(n): êngg: kêpriye.
(kêpruk): di-[x](-i) kn: 1 dithuthuk nganggo barang atos supaya pêcah (tmr. krambil lsp); 2 ks. kanggo pamisuh; di-[x]-ake: dithuthukake ing êndhas lsp. (tmr. barang atos); [x]-an ak: kêrêngan (nganggo thuthuk-thuthukan lsp);kc. klêpruk, kumêpruk.
kêprungon: n. kêmirêngan k krungu.
kêprucut: pc kêbanjur (ora dijarag) mrucut; kc. prucut.
kêprojol: pc kêbrojol, kêprèjèl.
kêproh: pc têlês bangêt (sandhangan lsp).
kêprok: I êngg. kn kêplok. II êngg. kn 1 tanpa katêmahan, gêdhêg (pur); 2 ora bisa muni (tmr. bêdhil lsp), ora bisa mlaku (tmr. mêsin lsp); 3 ar. jêruk. III di-[x] êngg. kn: didadèkake siji, dirangkêp.
kêpwaing: êngg. kn dumadakan (kumudu-kudu) waing.
kêra: k kuru.
kêrab, ngêrab: kw katon uyêk-uyêkan akèh bangêt; kc. kêrap, kumêrab.
kêraban: êngg. ak kikiran kuningan (wêsi).
kêrah: (-an) kn tarung cokot-cokotan (tmr. asu, kucing lsp); di-[x]: dicakot.
kêrah-kêrèh: pc bêngak-bêngok.
kêrainan: kn. ak kêtungka têkaning rina; kc. kêrinan.
kêraya-raya: kn kanthi rêkasa bangêt (mêrlokake bangêt).
kêrak: kn 1 pc. tuwa lan garing bangêt (tmr. krambil lsp); 2 êngg. intip.
kêral: kw. ak rosa, kiyêng; kc. kral.
kêram: kn. ak kc. kram.
kêrana: n. kêrantên k. êngg sabab, jalaran; kc. karana, krana.
kêrang: kn 1 bngs. keyong; 2 (tamènganing) garan pêdhang.
kêrangkang-rangkang: kn. ak rêkasa bangêt nganti mbrangkang; kc. rangkang, rumangkang.
kêrap: kn. ak playu bantêr; ngêrak: mbandhang, mlayu banter; di-[x]-ake ak: diplayokake bantêr; [x]-an: balapan sapi (ing Madura).
kêrapan: êngg. kn kalirên, kêluwèn.
kêras: kn I ak. atos; 2 kêncêng (tmr. dhawuh lsp, sêrêng bangêt (tmr. wicara, gunêman); 3 êngg. cukat, rikat (tmr. tandang tanduk; 4 êngg. pc. bangêt (tmr. lêlara lsp), sêru (tmr. swara); 5 mandi bangêt (tmr. tamba), mêndêmi bangêt (tmr. inuman); 6 antêb bangêt (tmr. têmbako); 7 garing (tmr. klobot lsp); ora [x] yèn kêris pc: sênadyana ora gagah (sugih lsp) nanging sêmbada wêwatakane; di-[x]-i: ditindakake kalawan kêras, dikêncêngi, dikêrêngi.
kêrasa-rasa: kn susah bangêt.
kêrbèn: (e) n. pc cikbèn.
(kêrbêk): di-[x]-ake êngg. pc diblêbêkake ing banyu; kc. krêbêk.

kêrbil: I kn kayu sanggan blandar (pangêrêt) mencok ing saka. II pc: tuladha.
kêrbin: kn bêdhil cilik.
kêrdan: êngg. kn kêrêdan.
kêrdim: êngg. pc mori wiron rêrêngganing langse, krêndha lsp; di-[x] pc: direngga ing kêrdim.
kêrdayat: kw kagèt.
kêrja: êngg. kn 1 nyambut gawe; 2 pagawean; dikêrjakake êngg: dimêgawèkake
kêrjik: êngg. kn kikrik, kudu trêp bangêt.
kêrjut, kêrdut: pating [x] kn krasa (obah) sêndut-sêndut; kc. kêjut, kêdut.
kêrdhap: pating [x] kn. ak katon kêlap-kêlap.
kêrdhu: kn. ak bngs. wadhah kang digawe wlulang; kc. gêrdhu.
kêrdhus: (W) kn dluwang kandêl.
kêre: kn 1 êngg. gribig; 2 ak. baju bate (klambi wêsi praboting pêrang).
kêrèh: I kn kêbawah, diêrèh; kc. rèh. II [x]-[x] êngg. pc: bêngok-bêngok.
kêrèn: kn gampang kêrine; kc. kêri.
kêrèng:(-an) kn bngs. intip (ing roti, gula lsp).
kêrepotan: êngg. pc kêribêdan; kc. repot.
kêrèt: I êngg. kn bngs. sorok mawa unton-unton.
--- 214 ---
II di-[x] kn: 1 dilulus sarana ditarik mubêng; 2 diiris diklècèpi (tmr. klika lsp); 3 pc. didhaku, dipèk.
kêrêdan ~ kêrsa.
kêrêdan: kn gulu saêndhase (kewan kang dibêlèh) kang kawènèhake marang kaum; kc. kêrêt.
(kêrêk): di-[x] kn. ak digigit (dicokot) lan dimamah.
kêrêm: I kn kèrêm. II di-[x] êngg. kn: dikurung(-i); [x]-an êngg: 1 kang dikurung (disêngkêr); 2 k. kurungan. III di-[x] êngg: dingrêmi; kc. angrêm.
kêrên: kn luwêng kang digawe lêmah (saèm. anglo tanpa angsang).
kêrênik: êngg kn kapusan; kc. rênik.
kêrêng: kn kêras lan kêncêng (tmr.wêwatakan), cêpak nêpsune; di-[x]-i: dikêrasi, dikêncêngi (pangrêngkuhe); [x]-an: pêpadon (tukaran) kanthi maratangan.
kêrêp: kn 1 rêngkêd bangêt (ora arang); 2 ora antal (tmr. panabuhing gamêlan lsp); 3 lête ora suwe; di-[x]-i (-ake): 1 dirêngkêdake (antarane, panganame lsp); 2 dibladhêg, ditindakjake kêrêp bangêt.
kêrêt: I kn (sa-[x]) sairis (sakêthokan) tmr. têbu; di-[x]-i: digêthaki banjur diiris (dikêthok) tmr. barang kang gilig; kc. gêrêd, kêrêdan. II kn karat (murnining êmas, ukuraning intên).
kêrga: kn kc. karga, krêga.

kêri: kn 1 krasa griming-griming (kaya diithik-ithik); 2 ([x] kupinge) pc. rumangsan, ora tahan dening kêrêp disrêngêni (disêmoni lsp); [x] tanpa pinêcut pr: ora didakwa nyana didakwa.
kêrig: I kn kêrèt (bngs. sorok mawa unton-unton). II kn: 1 ak. ngêbut-ngêbutake klasa lsp. supaya ilang rêrêgêde; 2 padha mêtu (lunga) kabèh bêbarêngan (pêrlu nandangi pagawean lsp); 3 êngg. kang wajib nindakake pakaryan gugur-gunung (tmr. wong ing desa); [x] lampit: kabèh kêrik ora ana sing kari; di-[x](-ake): kabèh padha dikon tumandang (nglumpuk lsp); [x]-an: pakaryan aradan (kabèh dikon tumandang).
kêrik: di-[x] kn 1 dicukur sathithik sarta dipacak rêsik (tmr. alis, sinom lsp); 2 dikêrok saka sathithik nganggo lading lsp. (tmr. barang kang atos), diilangi (dibubrah) nganggo lading (tmr. tulisan); [x]-an: kang wis dikêrik, olèh-olèhane ngêrik; kc. ngêrik.
kêrinan: kn nganti awan bangêt (ênggone tangi turu); kc. rina.
kêring: I kn 1 ak. tuwa sarta garing bangêt; 2 (ut. [x]-an) roti lsp. kang garing; 3 êngg. rapak (godhong têbu garing). II êngg. kn: bngs. cethok.
kêris: n. dhuwung k. wangkingan ki: ar. gêgaman landhêp mawa wrangka lan ukiran; ora [x] yèn kêras pc: sênadyan ora sêmbada, nanging duwe gêlar ut. katon gagah; di-[x] ak: disuduk ing kêris; di-[x]-i n. dipundhuwungi k. diwangkingi ki: diwènèhi (diênggoni) kêris; [x]-an n. dhuwungan k: 1 (wangkingan ki) nganggo kêris; 2 têtironing kêris.
kêrkas: kn. ak wadhah pistul (kang digawe wlulang).
kêrkasa: kw seru (bantêr), kanthi karosan.
kêrkat, kêrkêt: kn 1 ak. grêgêt, kamêmpêngan; 2 niyat kêncêng (nêdya tumandang); kc. grêgêt, krêkêt.
kêrkèt-kêrkèt, kêrkit-kêrkit, kêrkot-kêrkot: pc pêpindhan swaraning pring mêntul lsp.
kêrkuhan: kn mbêkuh (sêsambat) lirih; kc. bêkuh.
kêrkut-kêrkut: pc swara kêroding untu.
kêrkop: (W) kn kuburan bangsa Eropah.
kêrlap, kêrthap: pating [x] kn padha katon sumorot gêbyar-gêbyar; kc. kêlap, kêrdhap.
kêrlip, kêrlop: pating [x] kn katon gêbyar-gêbyar (kêlip-kêlip); kc. kêlip.
kêrlip-kêrlipan êngg. pc dhêmênan.
kêrmi: kn bngs. cacing ing wêtêng; [x]-ên: lêlaranên ing wêtêng akèh kêrmine; kc. krêmi.
kêrmun: I kn. ak bngs. joli; kc. krêmun. II êngg. pc: grimis; kc. krêmun.
kêrmus-kêrmus: pc swaraning mamah; kc. krêmês, krêmus.
kêrnèt: êngg. pc kênèk.
kêrnik: kakèhan [x] pc kakèhan pratingkah, rèwèl.
kêrnuk: pating [x] pc padha lêlungguhan arêp-arêpan.
kêruh: êngg. kn buthêk.

kêruk: kn piranti dianggo ngêdhuk (ngurêki lsp); di-[x](-i): dicidhuk (dikêruki) nganggo kêruk; kc. kêrok, kumêruk, kêmêruk.
kêrungkêb: kn. ak tiba mêngkurêb; kc. rungkêb, krungkêb.
kêruron: kw kluron.
kêrut-kêrut, kêrot-kêrot: kn (pêpindhan swaraning) nggathukakе untu digosokake.
kêroban: kw kêbanjiran, kêlêban; kc. rob.
(kêrod): di-[x](-i) kn: dikêsud; kc. kerod, kêrut.
kêrok: kn piranti dianggo ngrêsiki wulu (kulit) jaran; di-[x](-i): 1 dirêsiki nganggo kêrok (tmr. jaran); 3 digosok ing dhuwit lsp. (tmr. kulit, wong mangsuk angin); 4 disisriki malame (tmr. bathikan).
kêron: êngg. kn intip.
kêrpana: kw mêmêlas, mêlas-asih.
kêrpèk: I êngg. kn bngs. kranjang dianggo wêwadhah; [x]-an êngg: bakul ojogan: kc. kêpèk. II ut. kêrpin êngg: cikbèn.
kêrpis: êngg. kn: kan (bngs. teko porsêlin).
kêrpu: kn bngs. kristal dianggo mata ali-ali, têsbèh lsp.
kêrpus: I kn 1 bngs. kupluk (tutup êndhas); 2 wuwungan omah sing dilepa. II kn: ukuman ditutup (tmr. saradhadhu); di-[x]: diukum ditutup (tmr. saradhadhu).
kêrsa: ki 1 arêp; 2 karêp; 3 gêlêm; dikêrsani ki: dikarêpi; dikêrsakake ki: 1 dikarêpake; 2 dikon; kc. kêrsa.
--- 215 ---
kêrsil ~ kêsilêm.
kêrsil: kn cilik cêkêl-cêkêlane.
kêrta: (-kêrti) kw sarwa tata, ora rusuh.
(kêrta-aji): di-[x] kn. ak dikira-kira, ditêksir.
kêrtan: êngg. kn krungu (kabar).
kêrtarta: kw putus ing (kawruh lsp).
kêrtas: êngg. pc dluwang.
kêrta-wadana: kw pangarêp.
kêrtèp: pating [x] pc katon pating glêbyar (sumorot).
kêrtès: pating [x] pc padha nywara mak kêtès.
kêrtêp: êngg. kn timang dironyok intên.
kêrtiyasa: kw pintêr, linuwih.
kêrtu: n. kêrtos k dluwang kandêl pêsagèn cilik-cilik mawa gambaran dianggo main; [x] gêdhe: kêrtu Wlanda (cara Eropah); [x] lima: ar. mainan nganggo kêrtu cilik; [x] cilik: kêrtu wêton nêgara Cina; [x] pos: dluwang kandêl pêsagi dawa dianggo kirim layang.
kêrcap: pating [x] pc padha kêcap-kêcap; kc. kêcap.
kêrcip: pating [x] pc padha nywara kaya bocah nusu.
kêrthap, kêrthip: pating [x] pc padha katon gêbyar-gêbyar putih cilik-cilik (marga adoh); kc. kêthap, kêthip.
kêsabêgan: êngg. k warêg; kc. tuwuk.
kêsabêt: kn kêgitik, kêna ing sabêt; kc. kêsambêt.
kêsait: pc 1 katon gagah (bêcik sandhang panganggone lsp); 2 dikasihi; 3 rampung; kc. sait.

kêsayahan: kn. ak sayah bangêt.
kêsalaban, kêsalahan: êngg. pc kêluputan; kc. salab, salah.
kêsaladan: kn. ak kobongan kc. salad.
kêsaman: kn. ak kêpadhan; kc. sama.
kêsamaran: kn ora têrang pangêrtine (ora wêruh); kc. samar.
kêsampak: êngg. kn kêtêmu; kc. sampak.
kêsampar: kn disampar ora disêngaja; [x] kêsandhung: kêtêmu ut. olèh apa-apa ora disêngaja; kc. sampar.
kêsampe: kn kêna ing apa-apa kang kêmlawe lsp. kc. sampe.
kêsandhang: kn. ak dianggo, dilakoni (ditêmahi); lara [x] ak: lara ngênês marga kedanan; kêsandhangan setan ak: kêsurupan setan; kc. sandhang.
kêsandhung: kn 1 sikile nanggor watu lsp; 2 ent. kêna ing alangan, nandhang karibêdan; kc. sandhung.
kêsanggrêk, kêsanggrok: kn. ak kandhêg; kc. sanggrêk.
kêsangkut: kn 1 digubêd ut. dicanthèli lsp. (ora kêjarag); 2 katut ing prakaraning liyan; kc. sangkut.
kêsanglad: kn. ak kobongan, kêna ing kacilakan; kc. sanglad.
kêsangsaya, kêsangsara: kn. ak nandhang sangsara; kc. sangsaya, sangsara.
kêsangsang: kn sumangsang ing (ora kêjarag); kc. sangsang.
kêsapah: êngg. kn tela kaspa.
kêsaput: kw 1 dilimputi (ditutupi) ing; 2 ([x] ing wêngi) kêtungka têkaning wêngi; kc. sapu.
kêsar-kêsar: kn sar-saran atine; kc. kumêsar.
kêsarèn: ki kêturon; kc. sare.
kêsaru: kn dumadakan kêtêkan ing (dhayoh lsp); kc. saru.
kêsarug: kn saèm. kêsampar; kc. sarug.
kêsaruh: êngg. kn kisruh ut. bingung (dening swara rame lsp).
kêsasaban: kn. ak kêtutupan, disasabi; kc. sasab.
kêsasar: kn kliru dalane; kc. sasar.
kêsat: kn. ak garing (ora ngêmu banyu); kc. sat, asat.
kêsawaban: kn olèh sawab; kc. sawab.
kêsawe: êngg. kn tela kaspa.
kêsdik: êngg. kn tasdik, waskitha.
kêsdu: êngg. kn 1 ak. gêlêm; 2 arêp, duwe kêpengin arêp; di-[x] êngg. ak: dipèngini.
kêsèd: kn sungkan (ora gêlêm) tumandang ing gawe.
kêsegrok: pc kêsenggrok.
kêsenggol: kn disenggol ora kêjarag; kc. senggol.
kêsenggrok: kn kandhêg; kc. senggrok.
kêsèrènan: kn. ak kêdunungan ut. olèh apa-apa kang wis ditinggal lsp; kc. sèrèn.
kêsèrèt: kn katut disèrèt; kc. sèrèt.
kêsèsèk: pc wurung, cabar.
kêsèsi: kw cilaka,mêmêlas.

kêsêd: kn 1 ak. garing atos; 2 kêncêng, kukuh; 3 êngg. matêng; ora [x] êngg: ora bisa(-kêconggah); kc. kêsêt.
kêsêksan: kw mêmpêng.
kêsêl: kn sayah (tmr. tangan, sikil lsp).
kêsêlak, kêsêlêk: kn 1 enggal (dadakan) arêp ...; 2 êngg. dadakan watuk (marga ngombe lsp); kc. sêlak, sêlêk.
kêsêlan: I kn. ak gampang kêsêle; kc. kêsêl. II kn: disêlani ing: kc. sêla.
kêsêmbèt, kêsêmbir pc kêsangkut ing (prakaraning liyan); kc. sêmbir.
kêsêmbuh: kw ([x] ing busana) wuwuh endahe (dening panganggo); kc. sêmbuh.
kêsêmpèt: kn. ak katut digêpok (diarani ala lsp); kc. sêmpèt.
kêsêmpyok: kn 1 dikapyuk ing ombak lsp; 2 pc. kêsangkut ing (prakaraning liyan); kc. sêmpyok.
kêsênal: pc nêmahi kacilakan, rêkasa lakune marga kliru (tmr. main).
kêsêntor: kn kêna ing ilining banyu (angin); kc. sêntor.
kêsêng: êngg. kn pêthêl, srêgêp.
kêsêngsêm: kn 1 sênêng bangêt marang; 2 kedanan; kc. sêngsêm.
kêsêpèn: n. kêsêpênan k 1 kêkurangan (ora duwe); 2 sêpi bangêt; kc. sêpi.
kêsêrapan: k. ak kêsurupan.
kêsêrêtên: kn 1 sêrêt bangêt; 2 ora bisa kêpenak pangulune; kc. sêrêt.
kêsêron: kn sêru bangêt.
kêsêsa: k kêsusu.
kêsêsêr: kw kêplayu, kalah; kc. sêsêr.
kêsêt: kn garing lan atos, atos kiyal (tmr. grayangan); kc. kêsat, kêsêd.
kêsiyangên: k kawanên; kc. awan.
(kêsik): di-[x] kn digosok nganggo bubukan bata lsp. tmr. untu).
kêsilêm: kn. ak kêsilêp.
--- 216 ---
kêsilêp ~ kêtayuh.
kêsilêp: kn 1 amblês ing banyu (êmbêl lsp); 2 ora katut dietung, ora krungu ut. kêlêm tmr. swara; 3 ora dicungulake (lali); 4 wis ora dianggo (ora dipigunakake); kc. silêm, silêp.
kêsilip: kw kêlimpe, kapusan; kc. silip.
kêsinggihan: 1 ki. bênêr (mula iya bênêr); 2 êngg. pamit.
kêsingi: kn. ak kêbawah, kêwêngku ing; kc. sumingi.
kêsingsal: kn. ak 1 kontal (ilang) adoh; 2 pc. kêtriwal; kc. singsal.
kêsiram: pc katut disiram (kayut olèh bathi lsp); kc. siram.
kêsiring: kw rada kêtaton (kêna); kc. siring.
kêsirnan: kw kelangan; kc. sirna.
kêsisahan: kw kêsusahan.
kêsisipan: kn. ak 1 kliru (dalane); 2 kêluputan; kêsalahan; kc. sisip.
kêsit: kn ora gampang dicêkêl (kumudu lunga rikat, tmr. kewan).
kêskil: êngg. kn ndrêgil, srêgêp ing gawe.
kêskul: kn. ak kêba, kasang.

kêslamur: kn lali marang kasusahane lsp; kc. slamur.
kêslêku: êngg. pc kêtlêku.
kêslêmpêk: pc kêslêpêk.
kêslêmpit: kn sumlêmpit ora dijarag; kc. slêmpit.
kêslêpêk: ak. kêslêpêk kn wis ora ana ênggone (wêktune); kc. slêpêk.
kêslêsêp: kn. ak nlêsêp ora dijarag; kc. slêsêp.
kêsliyo: kn 1 mlèsèd athik-athikaning balunge; 2 ak. kliru têtêmbungane (basane).
kêslilitên: kn kêlêbon slilit ing untune; kc. slilit.
kêslimpêt: pc kêsrimpêt.
kêslira: kn. ak wis manuh; kc. slira.
kêsliring: kn 1 ak. kêsiring; 2 kêtaman saka ing iringan, kêna ing pasêmon; kc. sliring.
kêsliru: êngg. kn klèru.
kêslubuk, kêslobok: kn. ak kêblusuk; kc. slobok.
kêsluru: kn. ak kliru, kêlalèn.
kêslusuban: kn kêlêbon êri lsp. (ing sikil lsp); kc. slusub.
kêslomod: kn kêna ing gêni udud lsp; kc. slomod.
kêsmaran: kw kedanan, kêsêngsêm.
(kêsud): I di-[x] kn diulapi nganggo lap. lsp. II di-[x] êngg. ak: dilongo, dicilikake (uga ent.).
kêsuh: êngg. kn 1 lêsu, sêdhih; 2 ora tahan (ora kuwat).
kêsuhun, kêsuwun: êngg. ki nuwun (trima kasih).
kêsukon: kn. ak kakèhan mlaku.
kêsundhul: kn êndhase nyundhul ing.; [x]-an: isih nusoni wis duwe anak manèh; kc. sundhul.
kêsunggah, kêsunggan: êngg. kn sikile kêna ing bêling lsp.
kêsungsang: kn njungkir êndhase ana ing dhuwur; kc. sungsang.
kêsupèn: k kêlalèn.
kêsur: kn kêdhêsêk ênggone; kc. sur.
kêsurang-surang: kn. ak kêlunta-lunta.
kêsurupan: kn. ak 1 kêlêbon (disurupi) ing lêlêmbut; 2 kêtungka ing wayah surup; kc. surup.
kêsusahan: kn nandhang susah; kc. susah.
kêsusu: n. kêsêsa k rêrikatan (giri-giri) ênggone tumandang lsp.
kêsusul: êngg. kn kêtututan; kc. susul.
kêsusupan: êngg. kn kêsurupan; kc. susup.
kêsuwèn: n. kêdangon k: kêladuk suwene.
kêsuwun: êngg nuwun (trima kasih).
kêsuwur: kn. ak misuwur.
(kêsut, kêsot): kn. ak kc. kêsod, kêsud.
(kêsod, kêsud): [x]-an kn. ak wêtuning ambêkan.
kêsokan: kn kêwutahan wedang lsp; kc. sok.
kêsompok: kn. ak dumunung ing papan kang sompok (rupêk); [x]-an ak: kêslêpêk; kc. sompok.
kêsondhang-kêsandhung: pc kapinujon wêruh (nêmu lsp); kc. sandhung.

kêsorèn: n. kêsontênên k kasèp bangêt (nganti kêtungka wayah sore).
kêsosor: kn. ak kasoran, kalah; kc. kasor.
kêspur: (W) kn wêsi cringih-cringih ing tungkakaning sêpatu dianggo nggêbrag jaran; di-[x]: digébrag ing kêspur.
kêsrakat: kn nandhang kêmlaratan bangêt.
kêsrambah: kn kacakan (diambah, dianggo lsp); kc. srambah.
kêsrawo: kn. ak kêtawur.
kêsrèk, kêsrik: mak [x] pc pêpindhan swaraning barang gêgosokan. nisrik lsp; dikêsrik pc: dikêrik (disusuk) sathithik.
kêsrèmpèd: kn kêna sathithik; kc. srèmpèt.
kêsrimpêd: kn kêgubêd ing tali lsp. sikile; kc. srimpêd.
kêsrimpung: kn. ak kêsrimpêd: kc. srimpung.
kêsrumahan: êngg. kn kêsurupan (lêlêmbut).
kêstabêl:(-an) (W) kn. ak prajurit mriyêman.
kêstal: (W) kn. ak pèn waja; kc. sêtal-pèn.
kêstalan: kn gêdhogan.
kêstèl: (W) kn. ak prangkat, rakitan; kc. sêtèl.
kêstèn, kêstin, kêsting: êngg. ak kênèkêr.
kêstin, kêsting: kn ar. bakal saèm. sutra.
kêstiwêl: (W) kn. ak sêtiwêl.
kêstul: (W) kn pestul.
kêstroli: pc lênga jarak (dianggo urus-urus).
kêta: kw. ak rak, jêr. bok mênawa.
(kêtab): [x]-[x] kn nêpak-nêpak tambir lsp. supaya ilang rêgêde; di-[x]: digêbrag ing wêtêng (tmr. jaran supaya bantêr); di-[x]-ake: dikêtog-kêtogake (tmr. wadhah), dikêbut-kêbutake (supaya rêsik).
kêtail: kn. ak nêmahi cilaka.
kêtayuh: kn. ak katon ing sajroning impèn (tmr. sasmitaning lêlakon); kc. tayuh.
--- 217 ---
kêtak-kêtèk ~ kêtiban.
kêtak-kêtèk: êngg. pc bêngak-bêngok.
kêtaliban: kn. ak 1 kliwatan; 2 ([x] dina) ak. wis kêlêtan dina; kc. talib.
kêtaluh: êngg. kn kêpaluh.
kêtaman: kn kêna ing (gêgaman, daya lsp).
kêtablêm: êngg. kn kêbuntêtan (tmr. kalèn lsp).
kêtambuhan: n. kêtambêtan k. ak kêsamaran, kêkilapan; kc. tambuh.
kêtamian: êngg. k kêdhayohan.
kêtamuan: k kêdhayohan.
kêtamon:(-an) êngg. k kêdhayohan.
kêtampa, kêtampan: n. kêtampi, kêtampèn k wis ditampa; kc. tampa.
kêtampon: kn kêcipratan banyu udan; kc. tampu.
kêtan: n. kêtos k bngs. bêras (sêga) kang plikêt.
kêtandangan: pc dipilara; kc. tandang.
kêtandha: kn. ak kêbuktèn, têrang; kc. tandha.
kêtandhêgan: kn nandhêg nganti akèh; kc. tandhêg.
kêtandhog: kn. ak kêsanggrok, kandhêg.

kêtantilan, kêtantingan: pc montang-manting rêkasa.
kêtanggêlan: k kêtanggungan.
kêtanggung: kn 1 ar. prajurit (ing Ngayogya); 2 ak. bngs. manggung (budhaya); 3 ar. lurik.
kêtanggungan: n. kêtanggêlan k mung têngah-têngah, ora mbabar-pisani; kc. tanggung.
kêtanggor: kn nanggor ora kêjarag; kc. tanggor.
kêtapung: kn. ak dikagètake; kc. tapung.
kêtar-kêtir: kn tansah kuwatir (sumêlang).
kêtara: n. kêtawis k 1 ak. katon; 2 katon cêtha, katon têrang.
kêtaris: kn 1 katut ditarik; 2 ([x] saka): marga saka; kc. tarik.
kêtas-kêtis: pc cilik cêtha (tmr. swara).
kêtat: kn kaku sêmu plikêt.
kêtatal: (-an) kn wis têrang marga wis kêlakon; kc. tatal.
kêtaton: kn nandhang tatu; kc. tatu.
kêtawan: kn ditawan ing mungsuh; kc. tawan.
kêtawang: kn 1 ([x] ing srêngenge) matane kêna ing soroting srêngenge; 2 ar. gêgolonganing gêndhing; kc. tawang.
kêtawis: kn ora katon (kelangan lacak) marga campur ing wong akèh.
kête: pc kalah (main).
kêtebang-kêtebang: pc katon mlaku saka kadohan.
kêtèyèng-tèyèng: pc tansah nandhang cilaka.
kêtèkèng-kêtèkèng: pc tansah cilaka.
kêtela: kn têtuwuhan kang dipurih kênole (oyode).
kêtela gantung: êngg. kn katès.
kêtèlèng: pc kapitunan, kalah marga sêmbrana; kc. tèlèng.
kêtèlèr: ks kêsangkut ing prakaraning liyan; kc. tèlèr.
kêtèmpèlan: kn 1 ditèmpèli ora kalawan dijarag; 2 [x] setan) ak: kêsurupan; kc. tèmpèl.
kêtèmpêr: kw rada kalah.
kêtèmplèkan: pc kêtèmpèlan.
kêtèn: êngg. kn cancingan, cukat; kc. gêtèn.
kêtènggor: pc kêtanggor.
kêtèp: êngg. kn bundêran slaka lsp. cilik-cilik dianggo rêrênggan ing klambi lsp; kc. kêrtèp.
kêtèrèng-tèrèng: kn. ak ngolah-ngalih panggonan (marga kêmlaratan lsp).
kêtès: mak [x] pc pêpindhan swaraning nampêk lsp; [x]-[x] pc: cêtha bangêt tmr. gunêman.
kêtètèr: kn. ak wis ditètèr; kc. tètèr.
kêtèwèl: kn nangka ênom.
kêtêb: kn. ak uyêk-uyêkan akèh bangêt; kc. kêtêp.
kêtêbon: êngg. kn wit jagung lan godhonge (dianggo pakan kewan).
kêtêdhun: kn lara ing puyuhan.
kêtêg: ut. kêtêtêg kn obahing jêjantung.
kêtêkan: n: 1 [kêdu(mu)gèn k) kêlakon kang disêdya (kasêmbadan); 2 (kêdhatêngan k) ditêkani ing (ora dijarag); kc. têka.

kêtêkuk: pc nandhang kapitunan (kacilakan); kc. têkuk.
kêtêl: kn akèh bangêt (tmr. rambut, gêgodhongan lsp).
kêtêlah: kn kêbanjur lumrah diarani (dijênêngi).
kêtêlak: êngg. kn 1 kêlêlêgên; 2 ngêlak bangêt; kc. têkal, kêtêrakan.
kêtêlasan: k kêntèkan.
kêtêlêp: kn katut dianggo, dipèk têrus (tmr. barang silihan); kakèhan utang (nunggak akèh bangêt); kc. têlêp.
kêtêmbèn: êngg. kn lagi wiwitan (sapisanan); kc. têmbe.
kêtêmbing, kêtêmbir: kn. ak kêpinggirên; kc. têmbing.
kêtêmu: n. kêpanggih k 1 ditêmu manèh (tmr. barang ilang lsp); 2 kêpêthuk karo; kc. têmu, tinêmu.
kêtêmpuh: I kn. ak ditêmpuh; kc. têmpuh. II kn. ak: kêpêksa (kuwajiban) ngopèni lsp; kc. têmpuh.
kêtêndhagan: kn kêkurangan; kc. têndhag.
kêtênggêl: kn kêna ing têngah bênêr; kc. tênggêl.
kêtêp: kn. ak 1 kang pinggir dhewe (tmr. barisan lsp); 2 pinggiraning rambut (ing bathuk) kang dipapali; kc. kétêb.
kêtêpas-kêtêpus: pc sugih omong (umuk).
kêtêpu: êngg. kn katul rada kasar.
kêtêpusan: pc 1 kanthi rêkasa bangêt; 2 sugih omong (umuk).
kêtêr: kw gêtêr.
kêtêrak: kn. ak kêtrajang; kc. têrak.
kêtêtah: k kêtutuh.
kêtêwèlên: pc kakèhan (jujule dhuwit).
kêtib: (A) kn punggawa mêsjid karèrèhaning pangulu.
kêtiban: n. kêdhawahan k 1 kêna ing apa-apa kang tiba; 2 olèh (bêgja, giliran lsp); [x] daru: olèh kabêgjan; kêtiban
--- 218 ---
dhênggung: 1 (ut. [x] urak) tanpa giliran; 2 (ut. [x] dhong) kêna ing dakwa.
kêtiga ~ kêtuwan.
kêtiga: kn. (kêtigên êngg. k): mangsa ora ana udan: kc. kêtiga.
kêtiyon: êngg. kn katiyon.
kêtilêman: k kêturon.
kêtimaha: kn kayu timaha.
kêtimang: kn. ak timang.
kêtimbis, kêtimblis: kn. ak dijlogi saka ing dhuwur; kc. timbis.
kêtimun: kn. ak timun.
kêtimpah: kn. ak ditimpahi, dikurung ing mungsuh; kc. timpah.
kêtimpal-timpal, kêtimplak-timplak: kn. ak ngolah-ngalih panggonan (marga kêsasar ut. kêmlaratan); kc. timpal.
kêting: kn ar. iwak sêgara.
kêtinggi: kn. ak tinggi.
kêtinggor: êngg. kn kêtanggor.
kêtingsal: kn. ak kêsingsal.
kêtiplak, kêtiplèk: kn bngs. sandhal (cripu); 2 ks. batur.
kêtipung: kn kêndhang cilik.

kêtirahan: k kêturahan.
kêtir-kêtir: kn ngandhut sumêlang (kuwatir).
kêtis-kêtis: pc cilik cêtha (tmr. swara, gunêman).
kêtitik: kn konangan (kawêruhan) marga kasumurupan, titikane; kc. titik.
kêtiwang-tiwang, kêtiwar-tiwar: kn. ak kêlunta-lunta adoh.
kêtlajuk: n. kêtlajêng k. ak kêlajuk, kêlacutên.
kêcacah: kn. ak kalah, kasoran.
kêtlaluan: êngg. kêbangêtên.
kêtlampik: kn. ak kêna ing lêlandhêp lsp. ora disêngaja.
kêtlanjang, kêtlanjuk, kêtlanjur: n. kêtlajêng k. ak kêtlajuk.
kêtlanjêr: kn. ak ([x] ing lara) kang baku kêna lêlara.
kêtlangso: kn 1 ngluwihi watês; 2 kasèp ênggone mangan.
kêtlarak-tlarak: kn. ak tansah nandhang sangsara.
kêtlasab: kn. ak kliru nisih (ênggone mlêbu).
kêtlawur: kn. ak kêtawur, kêsrawo.
kêtledhon: kn. ak kliru, lali.
kêtlèyèk: kn. ak kalah, kasoran.
kêtlèdhonên: kn rêmbên (rêndhêt) bangêt; kc. tlèndho.
kêtlèsèk: kn. ak ora olèh-olèhan apa-apa, cabar.
kêtlêku: kn. ak 1 sikile kêtêkuk banjur tiba; 2 kliru wêtuning gunêm lsp.
kêtlimunan: kw kasaput ing pêpêtêng; kc. limunan.
kêtlindhês: êngg. kn kêplindhês.
kêtlingsut: êngg. kn ilang mung marga lali ênggone lsp.
kêtlingso: êngg. kn rada ora nggatèkake.
kêtliring: êngg. ak kêsliring.
kêtlisipan: êngg. ak kêsliring.
kêtlisiban: kn ora bisa pêthukan (marga seje dalan lsp); kc. slisiban.
kêtlisut: kn ilang; kc: kêtlingsut.
kêtliwar: kn. ak ilang, kêsasar.
kêtliwêng: kn 1 ak. kliru dalane, rada kliru panêmune; 2 êngg. lali.
kêtlusuban: kn kêslusuban ing êri lsp. (sikile).
kêtlonjok: kn. ak kêtlajuk, kêlajuk.
kêtlompèn: kn kurang prayitna, kurang rikat; kc. tlompe.
kêtlorok, kêtlorop: kn. ak kêcêmplung ing loropan; kc. lorop.
kêtlorong: kn ([x] ing srêngenge) kêna soroting srêngenge; kc. tlorong.
kêtujèh, kêtujês, kêtojèh, kêtojoh: êngg. kn kêna ing lêlandhêp.
kêtuju: (-ing ênu) kw kèbènêran kêtêmu (kêpêthuk) ing dalan; kc. tuju, pinuju, kapinujon.
kêtudhuk, kêtodhuk: êngg. ak kêpêthuk.
kêtug: I êngg têkan. II kw gludhug.
kêtuhon: kn. ak kênyataan, mula nyata; [x] (kêtuwon) têmên dene ak: cilaka têmên dene...; kc. tuhu.
kêtuyung-tuyung, kêtoyung-toyung: êngg. kn tansah cilaka; kc. tuyung.

kêtul: kn anak bulus (bulus cilik).
kêtula-tula: (-kêtali) kn. ak tansah nêmahi cilaka.
kêtular-tular: kn. ak tansah nular-nular mrana-mrana; kc. tular.
kêtumbar: kn tumbar.
kêtumusan: kn 1 kêna ing tumusing panas lsp; 2 kêlakon kaya kang katon ing impèn; kc. tumus.
kêtumpal-kêtampul: kn. ak tansah kampul-kampul.
kêtumpangan: kn kêtindhihan (ditumpangi); kc. tumpang.
kêtunan: kn nandhang tuna, kêkurangan; kc. tuna.
kêtunjang: kn ditumbuk (ditrajang) ora disêngaja; kc. tunjang.
kêtunjêl: kn ditunjêl (ora dijarag); kc. tunjêl.
kêtuntak: kn. ak wutah nuntak; kc. tuntak.
kêtunggak: kn. ak kêsandhung ing tunggak; [x]-an: duwe turahan utang (cicilan); kc. tunggak.
kêtunggèng, kêtonggèng: kn ar. kewan bngs. kala.
kêtungka: kn dumadakan kandhêg dening ditêkani lsp; kc. tungka.
kêtungkak: kn 1 kêna ing tungkake; 2 pc. lagi arêp mangkat wis ditêkani; kc. tungkak.
kêtungkul: kn nganti lali apa-apa dening mêmpang[7] nindakake pagawean lsp; kc. tungkul.
kêturahan: n. kêtirahan k ana turahane; kc. turah.
kêturuhan: kn 1 kêcuran ing banyu; 2 kêtularan; kc. turuh
kêturutan: kn kêtutugan, kêtêkan sasêdyane; kc. turut.
kêturon: n. kêtilêman k. kêsarèn k kêbanjur uru (ora dijarag).
kêtutugan: n. kêdugèn k kêturutan sasêdyane; kc. tutug.
kêtutuh: n kêtêlah k (mêntas nêmahi cilaka) kêna kacilakan manèh; kc. tutuh.
kêtuwukên: k. pc kuwarêgên.
kêtuwon: êngg. kn sêdhih bangêt; [x]-têmên [[x]-...]
--- 219 ---
[...têmên] dene ak: cilaka têmên dene; kc. kêtuhon.
(kêtog) ~ kêcêngkig.
(kêtog): I di-[x] kn dikêtabake lsp.; 2 ditog, ditogake; kc. tog, katog. II brêngos [x]-an kn: brêngos cêndhak.
kêtoyan: êngg. k kêbanyon (kobong).
kêtoyung-toyung: êngg. kn tansah cilaka; kc. kêtuyung-tuyung.
kêtomah: kn. ak 1 wis manuh ut. kulina; 2 manggon.
kêtombe: êngg. kn sindap.
kêton: êngg. ak: 2,50 rupiyah.
kêtonjok bêlok, kêtonjokan: êngg. pc kêpêngkok konangan.
kêtonto: kn 1 ak. wis kanggêp ut. katon (kapintêrane lsp); 2 êngg. kêtênta, kèmpi; kc. tonto.
kêtonggèng: kn ar. kewan bngs. kala.
(kêtopros) ngêtopros: êngg. pc omong umuk-umukan (goroh).
kêtorak-kêtarik: kn katut ditarik mrana-mrana.
kêtorang-torang, kêtoring-toring: kn. ak kêlunta-lunta.
kêtos: k kêtan.

kêtotog: kn 1 kêtanggor (kêpantog) ing; 2 ([x] ing prakara) ak. kêna ing prakara; kc. totog.
kêtowongan: kn. ak kêtêndhagan, kêntèkan; kc. towong.
kêtrajang, kêtrêjang: kn kêparag, kêsêrang; kc. trajang.
kêtrasên: kn kêjêron ênggone ngoncèki klikane lsp; kc. têras.
kêtrawang: (-ing srêngenge) êngg. kn kêtawang ing srêngenge.
kêtrênjang: êngg. kn kêtunjang.
kêtrênjêl:(-an) êngg. pc kêsêsêlan ing (wong liya lsp).
kêtrima: n. kêtrimah k 1 ditampa; 2 dianggêp bêcik, dialêm (diganjar) marga lêlabuhane lsp; kc. trima.
kêtrinèn: kn. ak ora timbang (kaya samêsthine).
kêtrial: (kêtriwêl êngg) kn ilang marga pisah karo panunggalane.
kêtrunjêl: êngg. kn kêtunjêl.
kêtrucut: kn kêbacut dikandhakake lsp.
kêtronggongan: kn. ak kapusan (kelangan) marga weya.
kêtrocoban: kn kêcampuran (kamoran); kc. trocob.
kêcah-kêcèh: pc dolanan ana ing banyu.
kêcah-kêcuh: pc tansah idu.
kêcai: kn ar. sayuran.
kêcak: êngg. kn gupak ut. kêna ing (tangane, sikile lsp).
kêcakan: kn. ak kêsrambah; kc. cak.
kêcakêt: kn disihi ing; kc. cakêt.
kêcakot: kn 1 dicakot ora kêjarag; 2 pc. katut kèmbèt ing prakaraning liyan; kc. cakot.
kêcambah: kn thikilan kacang ijo (dianggo lalab lsp).
kêcambil: êngg. k krambil.
kêcanthèl, kêcanthol: kn cumanthèl ora dijarag; kc. canthèl.
kêcangking: pc katut dicangking.
kêcap: kn mênga tumangkêbing cangkêm (yèn gunêman ut. mangan); sa-[x]: satêmbung; [x]-[x]: obah-obah lan nywara (tmr. mangan); pakêcapan.
kêcapah: I pating [x] pc pêpindhan swaraning kêkêcèh (mangan). II ut. kêcapu êngg. kn: tela kaspa.
kêcapi: êngg. kn bngs. clêmpung.
kêcara: kn. Ak wis dadi kalumrahan; kc. cara.
kêcas-kêcos: pc têrang bangêt (tmr.. gunêman); kc. gêcos.
kêcacah: kn. ak klêbu ing petungan, kêpetung; kc. cacah.
kêcacatan: pc gronjalan.
kêcacil: kn woh kêsambi.
kêcathêt: kn. ak wis dicathêti; kc. cathêt.
kêcathil: kn. ak: dijupuk (dilongi) sathithik; kc. cathil.
kêcèh: ut. kêkêcèh, [x]-an kn dolanan ing banyu; [x] dhuwit pc: sugih dhuwit.
kêce-kêce: êngg. kn kècèh-kècèh.
kêcèk: pc kêcrèk.
kêcelik: kn têmahan ora ana apa-apa (kang arêp didêlêng lsp).
kêcèlu: kn. ak kêsêngsêm bangêt marang; kc. kumacèlu.

kêcelung: kn kêmbang dhadhap.
kêcènèng: kn kêtarik; kc. cènèng.
kêcènthèl: pc kêcanthèl.
kêcèr: kn 1 ar. têtabuhan awujud kuningan lsp. bundêr têtangkêban; 2 (ut. [x]an) slaga ut. topènganing krambil; diyan [x]-an êngg: diyan gantung nganggo krakap blèg bundêr.
kêcerit: kn ngêtokake sêsukêr sathithik.
kêcèt: êngg. pc kêncèt.
kêcècèr: pating [x] pc padha kècèr mrana-mrana.
kêcêbak-kêcêbuk: pc pêpindhan swaraning wong nyidhuk lsp.
kêcêbur: êngg. pc pêpindhan swaraning nyêmplung ing banyu.
kêcêgur: kn kêcêmplung ing banyu; kc. jêgur, cêgur.
(kêcêk): di-[x]-i pc dibombong (diajani) murih wani.
kêcêkapan: k kècukupan.
kêcêklik: êngg. pc pacêklik.
kêcêlèk: êngg. pc kêwêlèh, kêcêlik.
kêcêlik: kn kêcelik.
kêcêluk: éngg. kn kêlok, kondhang; kc. cêluk.
kêcêmal-kêcêmil: pc tansah mêmangan.
kêcêmang-kêcêmong: pc tansah omong (gêgorohan).
(kêcêmbong): ngêcêmbong kn mêmblêng (akèh) banyune; [x]-an ak: ngêndhong tmr. banyu.
kêcêmutan: kn rada mèsêm.
kêcêmplung: kn klêbu ing sumur lsp; kc. cêmplung
kêcênèn: êngg. ak kêwêlèh.
kêcênêng: kn.ak krasa kêncêng kaya ditarik (tmr. urat lsp).
kêcênthèt: kn. ak kêpêksa kandhêg ênggone mundhak gêdhe (marga lêlaranên lsp).
kêcênthok: kn 1 kêgêpok; 2 pc. dumadakan kêtêmu; kc. cênthok.
kêcêngkig, kêcêngkik: êngg. pc konangan (kêcandhak) sanalika.
--- 220 ---
kêcêngklak ~ (kêthapêl).
kêcêngklak: kn 1 lara gulune (gêgêre) marga ngayang lsp; 2 pc. kagol bangêt, nêmahi kacilakan.
kêcêngklèk: pc kêcêngklak.
kêcêpak-kêcêpik: (-kêcêpuk) pc pêpindhan swaraning kêkêcèh ing banyu.
kêcêpit: kn kêplèsèd, dumunung ing antaraning barang loro; kc. cêpit, jêpit.
kêcêput: sêdina [x] êngg. ak sêdina muput.
(kêcêr): di-[x]-i kn dicuri nganggo apa-apa sing dipêrês; kc. kumêcêr.
kêcêt: êngg. kn kêrêp (bola-bali).
kêcêcêng: pating [x] pc padha katon kaku.
kêcêthik: (-an) kn. ak konangan; kc. cêthik.
kêcêthit: pc kêsliyo.
Kêcêthuk: êngg. pc kêpêthuk.

kêcik: I kn isi sawo. II êngg. kn: saèm. tanja dianggo ngrabuk (têbu); di-[x] êngg: dirabuk; kc. gêjig.
kêcilakan: kn nandhang cilaka.
kêcilikên: n. kalitên k kêladuk cilike.
kêcindhilên: êngg. kn masuk angin.
kêcincugan: kn rêkasa bangêt ênggone mlaku.
kêcing: I kn amis ut. pêsing bangêt. II êngg. kn: jirih, wêdèn.
kêcingkagan: kn. ak kêcincugan.
kêcingkrangan: kn kêkurangan, kêmlaratan; kc. cingkrang.
kêcipak-kêcipik: (-kêcipuk) kn. ak kêcêpak-kêcêpik.
kêcipuhan: pc kèwuhan (rêkasa) bangêt.
kêcipratan: kn 1 kêna ing banyu lsp. sing sumirat; 2 pc. katut diarani ala; kc. ciprat.
kêcirèn: kn wis dicirèni alane; kc. ciri.
kêcirit: êngg. kn kêcerit.
(kêcit): di-[x] pc disusu pênthile.
kêclap: kn 1 ([x]-[x]) tleram-tleram, gêbyar; 2 pc. pratingkah (solah tingkah) kang dadi telaking kêkandhutaning atine; kc. kumêclap.
kêclenthot: kn kliru têtêmbungane.
kêclethut, kêclethot, kêclithut: êngg. kn kêclèthot.
kêclup, kêclop: pc kaclêp ing banyu.
kêcukupan: n. kêcêkapan k sarwa cukup (sugih).
kêcumpon: kn. ak cukup; kc. cumpu.
kêcupêtan: kn kêkurangan; kc. cupêt.
kêcurat-kêcurut: kn malah akèh dhuwit kang ora tumanja (panganggone).
kêcurêsan: kn ([x] turun) kêntèkan turun; kc. curês.
kêcurut: kn. ak ora tumanja panganggone (dhuwit).
kêcus: mak [x] pc sanalika tumancêb; kc. cus, nyus.
kêcut: kn 1 rasa kaya dene rasaning asêm; 2 pc. pucêt kisinan.
kêcuthêlan: kln. ak wis êntèk; kc. cuthêl.
kêcuwan: kn cuwa (gêla) bangêt.
kêcodhèran: êngg. kn kêjodhèran, konangan.
kêcoh: ki idu; (pa-)[x]-an ki: paidon.
kêcokan: pc kacokan, kêcampuran.
kêcolok: kn matane kêna ing driji; kc. colok.
kêcolotan: pc olèh ujuran; kc. colot.
kêcombrangên: êngg. kn kêtimumulên (ing kukune).
kêcomprèngan: kn. ak kêkurangan; kc. comprèng.
kêconangan: êngg. kn konangan, kêwanguran.
kêconthal-conthal: kêconthalan pc enggal-enggalan (kanthi rêkasa) arêp nututi.
kêconthokan: êngg. kn kawêruhan, konangan.
kêconggah: kn kêduga (bisa) nindakake; kc. conggah.
kêcopak-kêcopak pc: swaraning mlaku ing banyu.
kêcorok: I kn. ak kelangan; kc. corok. II êngg. kn: diracun, kêna ing upas.

kêcos-kêcos: pc têrang lan blaka (tmr. gunêman); kc. gêcos.
kêcocog: kn kêna ing lêlandhêp; kc. cocog.
kêcocok: pc diêntèkake (dhisik, tmr. pamêtu lsp); [x] ing pangan pc: mangan pangan kang pancèn kudu disirik; kc. cocok.
(kêcocong): di-[x]-ake pc diajokake kêncêng (tmr. tangan, sikil lsp).
kêcocotan: ks kakehan omong; kc. cocot.
kêcowak: êngg. kn cowèk.
kêcowès: pc tatu kêna lading lsp.
kêcras, kêcrès, kêcrus, kêcros: mak [x] pc katêrangan tumamaning gêgaman.
kêcrèk: I (kêcrik, kêcruk, kêcrok) mak [x] pc pêpindhaning swara (katêrangan) tumamaning gêgaman (pacul lsp). II di-[x] êngg. ak: disosoh (tmr. bêras). III kn: blênggu; di-[x]: diblênggu.
kêcrit: mak [x] pc katêranganing idu sathithik.
kêcrucut: êngg. kn: kêtrucut.
kêcrocoban: êngg. pc kêtrocoban.
kêthaha: kn kumudu olèh akèh (murka).
kêthak: I mak [x] pc pêpindhan swaraning nothok lsp. II êngg. kn: tuwa; kc. kumêthak. III êngg. kn: 1 gula kang ora dadi (gula kêthok); 2 ampas lênga kacang, intiping lênga klêntik. IV [x]-e kn: nyatane, satêmêne; di-[x] êngg. pc: ditêtêpake; kc. gathak.
kêthakalan, kêthakaran: êngg. pc kêdhakalan.
kêthaklik: pating [x] pc katon oklak-aklik ora kukuh.
kêthap-kêthap: kn katon kêlap-kêlap ana ing kadohan.
(kêthapêl): ngêthapêl kn ngrangkul sikile digubêdake.
--- 221 ---
kêthar ~ kêthuwêtan.
kêthar: mak [x] pc katêrangan swaraning nothok êndhas lsp.
kêtharak-tharak: kn. ak sangsara bangêt.
kêthathar: pating [x] kn. ak pating jlêmprah ora tata; kc. kêthèthèr.
kêthathêl: mak [x] pc kadung (sajak cupêt).
kêthawe: pating [x], [x]-an kn. ak tangane padha kumlawe; kc. klawe.
kêthawèl: pating [x] pc alot lan ora silah tmr. gunêman).
kêthawil: pating [x] pc tangane padha obah-obah.
kêthawit: pating [x] kn. ak ukêl-ukêlan ngrawit.
kêthèk: kn (êngg. k) ar. kewan bngs. munyuk, lutung lsp; [x] saranggon pr: gêgrombolaning wong laku ala (wis golong); tangan [x] pc: cengkre; rampèk-rampèk (ngrampèk) [x] pr: ngrampèk wong ala mêsthi bakal mialani.
kêthèk: (g) mak [x] pc saèm. mak thèk; [x]-an pc: cipowah.
kêthekaran, kêthekoran: kn. ak kêthakalan, kêthakaran.
kêthèkèran, kèthèkèrên: kn munggah kanthi rêkasa; kc. kêthakaran.
kêthèklèk: kn. ak thèklèk, gapyak.
kêthèl: kn landha karo lênga jarak (dicampur bumbu liyane) dianggo nggarap lawon kang arêp dibathik; di-[x]: digarap (diwarna) nganggo kêthèl; [x]-an: warna abang tuwa lsp, digarap nganggo kêthèl (tmr. bathikan).

kêthèn: kn pirang-pirang kêthi.
kêthèpèlan: kn. ak kêthèkèran.
kêthèplèk, kêthêplèk: kn. ak kêthiplak.
kêthèprèh: pating [x] pc pating klèmbrèh (ênggone bêbêdan).
kêthèr: mak [x] pc pêpindhan swara saèm. thèr.
kêthèrèk-kêthèrèk: êngg. kn kêsusu bangêt.
kêthere-there, kêthèrèng-thèrèng: kn. ak kêdharang-dharang mênyang êndi-êndi.
kêthèthèr: pating [x], [x]-an kn 1 pating klèmbrèh ora tata (tmr., mênganggo sandhangan); 2 ak. pating jlêmpah, padha buyar (tmr. barisan lsp).
kêthêk: I êngg. kn kêthak. II di-[x](-i) kn: disasmitani (digirèkake lsp) sarana nywara thèk-thèk (ilat dipadalake ing sadhuwuring untu).
kêthêkan: ki janggut.
(kêthêkêr): ngêthêkêr êngg. pc linggih ijèn ora lunga-lunga; [x]-an: tansah cêk-cêkan tumandang.
kêthêklak-kêthêklik: kn mlaku nganggo thèklèk (têkên lsp).
kêthêklak-kêthêkluk: pc dhêklak-dhêkluk marga ngantuk).
(kêthêkul): ngêthêkul êngg. pc linggih ndhungkluk (tumungkul).
kêthêkur: I pêpindhan pambêkuring dêruk lsp. II nganggur ngêthêkur pc: ora nyambut gawe babar pisan.
kêthêm: êngg. kn tanggêm, supit pandhe; di-[x] êngg: digêgêm kêncêng, dicêkêthêm.
kêthêmêk-kêthêmêk: pc mlaku alon ciyut jangkahe.
kêthêmil-kêthêmil: pc ngêmplok (mangan) saka sathithik.
kêthêng-kêthêng: kn. ak puguh (wangkod); kc. kênthêng.
kêthêpêk, kêthêpês: mak [x] pc katranganing linggih srêg (sila).
kêthêpêk, kêthêprêk: pc pêpindhan swaraning lakuning jaran.
kêthêplèk: êngg. kn thèklèh, gapyak.
kêthêr: kn rêgêd (jênês), kêmproh.
kêthi: sa-[x] kn. ak satus èwu (100.000).
(kêthiyêng, kêthiyu): ngêthiyêng, ngêthiyu pc katon mêmpêng (têmên-têmên) ênggone tumandang.
kêthik: I ki: pasah (pangur). II di-[x] kn dikandhani (diwangsit) kalawan dhêdhêmitan.
kêthikaran: kn. ak kêthèkèran.
kêthikar-kêthikir, kêthikiran: kn. ak ubêg tumandang ing gawe.
kêthiklèk: kn. ak thèklèk, gapyak.
kêthikrukan: pc mlaku kanthi rêkasa.
kêthilang: kn: ar. manuk; kc. thilang, kuthilang.
kêthilêng: kn ar. têtuwuhan.
kêthimik-kêthimik: pc mlaku alon.
kêthingan: êngg. kn slamêtan bocah cilik mêdhun lêmah sapisanan lsp.
(kêthingkrang):ngêthingkrang pc êmoh tumandang ing gawe marga gumêdhe.

kêthip: I [x]-[x] kn 1 pc. mêrêm mêlèk matane; 2 ora bisa-bisa turu; 3 ak. kêlip-kêlip, kêthap-kêthap; kc. kêlip. II kn: dhuwit slaka 10 sèn.
kêthipêl-kêthipêl: kn mlaku kanthi rêkasa (katon abot); kc. gêdibêl.
kêthiplak, kêthiplèk: kn kc. kêtiplak.
kêthiplik: pating [x] pc padha iplik (ênggone mlaku, tumandang).
kêthiwul: kn ar. panganan kang digawe tela kaspa.
kêthu: kn 1 bngs. kupluk kang dianggo diubêdi sêrban; 2 êngg. pc. topi; [x] udhêng êngg. pc: ikêt blangkon.
kêthuh: kn kêmproh, ora rêsik.
kêthuyuk-kêthuyuk: kn mlaku wungkuk (tuwa bangêt).
kêthuk:I kn ar. rêricikaning gamêlan saèm. kênong cilik; di-[x] ak: dithuthuk: di-[x]-i pc: diiyani, dicocogi. II êngg: panyêluk marang bocah wadon. III ([x] cupar) êngg. kn: (wêwatakan) ora pracaya marang sing wadon ênggone nyêkêl bale pomahan; kc. cupar.
kêthul: kn 1 ora landhêp; 2 ent. kurang gathekan (tmr. pikiran).
kêthumuk-kêthumuk: kn mlaku alon.
kêthut: I di-[x] kn. ak dimamah. II êngg. kn: alod; kc. kêthot, kothot.
kêthuwak-kêthuwik: pc tansah uwak-uwik.
kêthuwal-kêthuwil: pc tansah obah-obah tangane (uwal-uwil).
kêthuwèl: pating [x] pc wèl-wèlan (ndhrodhog).
kêthuwêlan: kn ngukêl tangan (ing jogèd).
kêthuwêng: mak [x] pc sanalika mubêng (mingêr); kc. kêdhuwêng.
kêthuwêtan: pc kêdhuwêlan.
--- 222 ---
kêthoh ~ kiyu.
kêthoh: pc kêthuh.
kêthok: I di-[x] kn 1 ditugêl (tmr. barang kang dawa); 2 dipancêt tmr. rêrêgan); ngêthok: krasa pêgêl tmr. sikil, (tangan). II sa-[x] cilik êngg. ak 4 dhuwit; sa-[x] gêdhe êngg. ak: 8 dhuwit. III kn: (gula [x]) gula kang ora dadi ora kêna dititis; kc. kêthak.
kêthon: kn nganggo kêthu.
kêthop-kêthop: pc kêlop-kêlop.
kêthoprak: kn ar. tontonan saèm. sandiwara (tonil) nganggo jogèd.
kêthoproh: pating [x] pc pating klèmbrèh (gêdhobroh).
kêthot: êngg. pc 1 wulêd, kothot; 2 tamban, rêmbên (lakuning jaran lsp); kc. kêdhot.
kêthothor: pating [x] pc pating klèmbrèh (tmr. mênganggo).
kêwahya: kw kêwêtu, kêlair; kc. wahya.
kêwayon: kn. ak wis kêlawasên; kc. wayu.
kêwangkungên: kn. ak kêsuwèn bangêt ênggone ngêntèni (ngarêp-arêp).
kêwanguran:kn. ak konangan.
kêwanuhan: kn. ak pawong mitra; kc. wanuh.
kêwangwang: kw katon ing pangangên-angên; kc. wangwang.
kêwarga: kn. ak wis dianggêp (manjing) dadi sanak; kc. warga.
kêwêdal: k kêwêtu.
kêwêdèn: n. kajrihên k kêladuk wêdi; kc. wêdi.

kêwêdhêngan: kw judhêg, kodhêng.
kêwêkèn: I kw kèwuhan. II êngg. kn: kêturutan (pangarêp-arêpe).
kêwêlas-asih (-ayun, arsa): kw mêmêlas, mêsakake.
kêwêlèh: kn konangan ênggone goroh lsp; kc. wêlèh.
kêwêntar: kw misuwur.
kêwêngèn: n. kêdalon k kasèp nganti wêngi, kêtungka ing wêngi.
kêwêtu: n. kêwêdal k mêtu ora kêjarag, kêlair; kc. wêtu.
kêwêton: n. kêwêdalan k. ak kêmêton.
kêwêwêl: (ên) êngg. kn ora bisa têrus.
kêwibuhan, kêwimbuhan: kw kêwuwuhan; kc. wimbuh.
kêwijil, kêwiyos: kw kêwêtu.
kêwidhêngan: êngg. kn bingung, kodhêng, lali.
kêwilang: kn. ak kêpetung; kc. wilang.
kêwilis: kw kêpetung, kêwilang.
kêwlakang: kn. ak kêtaman (kêna) ing wlakange; kc. wlakang.
kêwlantrah: kn. ak kêwêntar, misuwur, mratah.
kêwudan: kn. ak wuda (tanpa panganggo).
kêwung: êngg. kn kuwung, jêgong.
kêwuron: k kêndêman.
kêwowogên: kn. ak. kakèhên bangêt nganti jêlèh (ora êntèk).
ki: I kn. ak. sêsêbutaning wong tuwa ut. kang diajèni; kc. kaki, kyai. II pc. iki.
kibik: pc. dhadhon; kc. kubuk.
kibir: (A) kn. bangêt ngêndêl-êndêlake kaluwihane (mêsthèkake yèn mênang lsp).
kidam: (A) kn. ak. kang ora tinitahake; kc. kadim.
kidang: kn. ar. kewan bngs. mênjangan; [x] kêncana ak: wayang cilik-cilik (kabèh pradan); lumpat [x]: blênjat-blênjat; ngaturake [x] lumayu pr: nuduhake kamelikan kang angèl kênane; mburu [x] lumayu pr: melik marang apa-apa kang nglêngkara kênane.
kidèn: (-an) kn. ak. olèh idi (palilah); kc. idi.
kidêran: kn. ak. diubêngi; kc. idêr, kèdêran.
kidib: kn. ak. goroh, selak; kc. kijat.
kidih-kidih: kn. ak. kipa-kipa, ngatonake yèn ora sudi (ênêk).
kidul: kn. ar. keblat kb. lor.
kidung: êngg. kn. 1 têmbang, rêrêpèn; 2 karangan (rumpakan) kang diikêt ing têmbang; ngidung: 1 nêmbang; 2 ngarang kidung.
kidon: kn. kêna ing idu (diidoni) ora kêjarag; kc. idu.
kijab: (A) kn. ak. wrana, kêlir, ent. pasuryaning Pangeran.
kijat: (A) êngg. ak. selak, mukir.
kijènan: kn. (kêpiyambakan k): tanpa kanca; kc. ijèn.
kijing: I kn. bngs. keyong ut. kece. II kn. sêkaran ki: watu lsp. diwangun pêsagi dawa kanggo tutuping kuburan; di-[x] (disêkar ki): ditrapi kijing.
kidhal: kw. kedhe.
kidhe: êngg. kn. kedhe.
kidhik: êngg. k. sathithik.

kidhung: kn. ora prigêl.
kih: êngg. kiye.
kiyai: kn. kyai.
kiyak-kiyukan: pc. diracak padha; kc. kiyuk.
kiyal: kn. atos wulêd (tmr. daging).
(kiyam): di-[x] kn. 1 ak. dijajal, dicoba, diicipi; 2 êngg: dipilih (tmr. lurah desa); [x]-an êngg: pilihan (lurah desa).
kiyamat: (A) kn. pungkasaning jaman (jagat saisine sirna).
kiyambak, kiyambêk: êngg. k. dhewe.
kiyanat: (A) kn. ak. cidra; gawe [x] ak: ngapusi, nyidrani.
kiyangkaban: êngg. kn. kyayaban.
kiyas: (A) kn. ak. cocoging nalar karo panglimbang-limbang (bab anggêr-anggêr wêwatoning agama Islam); di-[x]: 1 ak. digathuk-gathukake sarana panglimbang nalar; 2 ak. dirèmèhake; 3 ak. diselaki (dipadoni) sarana katêrangan kang tinêmu ing nalar.
kiyat:. 1 kn. ak. rada kaku; 2 k kuwat.
kiye: pc. n. punika k. iki.
kiyèk, kiyên, kiyi: pc. kiye, iki.
kiyêng: kn. 1 kêncêng lan kuwat (tmr. pawakan); 2 êngg. mêmpêng lan srêgêp ênggone nyambut-gawe; kc. ngiyêng.
kiyêr-kiyêr: kn. mêrêm-mêrêm sathithik (matane); di-[x]-ake: diêrêmake sathithik.
kiyi-kiyi, kiyih-kiyih: êngg. pc. katon kringêtên gumrobyos (marga pêpanas lsp).
kiyik: pc. piyi, piyik.
kiyip-kiyip: kn. ak. mêrêm-mêrêm matane.
kiyu: kn. krasa kêju (ngêthok) tmr. tangan ut. sikil.
--- 223 ---
(kiyuk) ~ kinawêdèn.
(kiyuk): di-[x] pc. dirajuk, katut dipèk (dirangkêp lsp); kc. kiyak-kiyuk.
kiyokan: êngg. kn. main(-kêrtu).
kiyoman: kn. ak. kayoman; kc. ayom, iyom.
(kiyong): kêkiyong êngg. kn. kêmiri (ing sikil); kc. keyong.
kik:, mak [x] pc. pêpindhan swaraning cêkikên.
kakiyat: (A) kn. ak. crita, dongèng.
kikib: I ut. kikip êngg. ak. rapêt diubêngi (dipagêri lsp). II kn. ak: ora blaka, ora gêlêm barès; di-[x]-i ak: ora dikandhakake sanyatane, ora diblakakake.
kikid: êngg. ak. cêthil, gêmi bangêt.
kikik: I kn. mêstak (tmr. kathok), kèlèkan (tmr. klambi, kêbayak).
kikil: I kn. 1 iwak ing sikil wêdhus (sapi lsp); 2 ak. ukuran jêmbaring sawah (½ jung). II ngikil pc: tansah watuk bae.
kikir: I kn. piranti dianggo matar ut. ngêlus kang digawe waja gêrêt-gêrêt; di-[x]: digosok (dipatar, diêlus) nganggo kikir. II ut. [x]-[x] kn. ak: cêthil bangêt; kc. kikid.
kikis: I êngg. kn. 1 ak. pinggir, kang têpi; 2 watês; di-[x]: ak: diliwati pinggire; [x]-an ak: watêsan, wangênan. II êngg. kn. bngs. tenggok

takêran bêras; di-[x] êngg: ditakêr nganggo kikis (tmr. nêmpur). III êngg. kn: bngs. pacul.
kiklak: êngg. pc. biblak, dhidhal.
kikmat: kn. ak. ikmat, kêmat.
kikuk: êngg. pc. kidhung.
kikrik: kn. sarwa bêcik (tmr. garapan lsp); 2 êngg. angèl ladèn-ladènane (panjaluke, pamilihe lsp).
kilah-kilah: kn. katon sumorot bêning (tmr. banyu kêsorotan srêngenge lsp).
kilayu: kn. ak. klayu.
kilak:. 1 kn. ak. takêran bêras; 2 k. kulak.
kilan: kn. sadawaning jênthik(-manis) têkan ing jêmpol kang dibênggang; di-[x]-i: 1 diukur dawane nganggo kilan; pc. disêpèlèkake, dipêsthèkake yèn mêsthi ora bisa, diina.
kilang: kn. godhogan lêgèn (pêrêsan têbu).
kilap: I êngg. kn. kilat. II 1 k: êmbuh; 2 kn. ak. kliru; kc. kêkilapan.
kilat: kn. gêbyaring thathit (blêdhèg).
kilèn: I k. kulon. II kn. ak: diilèni banyu ora kêjarag; kc. ili.
kilêm: êngg. k. turu; [x]-an êngg. k: turon.
kilêng-kilêng: kn. katon nglênga gilap.
kili: I kn. wulu lsp. kang digawe ngêrèkake kuping, jangkrik lsp; 2 (sunduk [x]) saèm. pantèk ing sanggan blandar; dikilèni: 1 dikêrèkake lsp. nganggo kili; 2 pc. digêgasah, diajan-ajani. II kw: pêndhita wadon (wong suci).
kiling:, sa-[x] êngg. kn. sabêntèl (tmr. pari).
kilingan: êngg. kn. kitiran.
kilyan: kw. kulon; kc. kilèn.
kilung: êngg. kn. mbodhoni, mitambuhi.
kilusuh: kw. 1 alum; 2 nglumpruk tanpa daya.
kilo: I pc. gilo II kn: sèwu (tmr. ukuran gram, mètêr lsp).
kilong-kilong: pc. katon mlolo matane.
kilwak: pc. sêkilwak.
kima: kn. bngs. kece gêdhe (ing sêgara).
kimapi: kw. ak. luwih-luwih, apa-manèh.
kimat: êngg. k. kumat.
kimawon: êngg. k. bae; kc. kemawon.
kimono: pc. bngs. klambi dawa (klambine wong Jêpang).
kimpès: êngg. pc. kêmpès.
kimplah-kimplah: pc. katon kêbak sarta bêning kilah-kilah (tmr. banyu).
kimplang-kimplang, kimplêng-kimplêng: êngg. kn. 1 kilêng-kilêng; 2 katon kilah-kilah.
kimpling-kimpling: pc. katon bêning rêsik (banyu ing gêndul lsp).
kimpul: I kn. ar. têtuwuhan kang bonggole kêna dipangan. II êngg. pc: tas cangkingan (wadhah dhuwit lsp).
kimpurusa: (S) kw. ak: buta.
kimput: kn. ak. isin, klicutan; kc. klimputan.

kina: k. kuna.
kinabêktèn: kw. diurmati, diajèni; kc. bêkti.
kinajrihan: k. kinawêdèn.
kinah: kn. wit kang klikane digawe kênini.
kinakadang: kw. dianggêp kadang, disanak; kc. kadang.
kinalis: (-ake) br. diluputake ing; kc. kalis.
kinalulut: (-an) br: dilululuti: kc. lulut.
kinaluwa gêtih: br. diurab ing gêtih; kc. kluwa.
kinamaru: kn. ak. dimaru; kc. maru.
kinamulèn: kw. dimêmule, dimulyakake; kc. mule.
kinangaya: br. dikaniaya; kc. aniaya, kaniaya.
kinantên: k. kinaruh.
kinanthèn: br. dikanthèni; kc. kanthi.
kinanthi: 1 kw. digandhèng, dibarêngi; 2 ar. têmbang maca-pat; kc. kanthi.
kinang: kn. suruh saadune (dianggo ngabang lambe); nginang: mamah kinang; (pa-)[x]-an: wadhah kinang.
kinapengin: (an) br. dipèngini; kc. kêpengin.
kinar: durung [x] êngg. pc. durung karuwan; kc. kinaruh.
kinarilan: br. dililani; kc. rila.
kinaruhan: n. kinantên(-an) k. ak: karuwan; kc. kinawruhan.
kinasih: (-an) br. (kang-) dikasihi; kc. kasih.
kinati-nati: kw. disungga-sungga, diajèni bangêt.
kinathik: kw. dipracaya bangêt (tmr. mitra); kc. kathik.
kinawasa: kw. kuwasa bangêt; kc. kawasa, kuwasa.
kinawêdèn: n. kinajrihan k. ak. diwêdèni, dièringi; kc. wêdi.
--- 224 ---
kinjêng ~ kirim.
kinjêng: kn. ar. kewan bngs. kêndhêla.
(kinjik): ora [x]-[x] êngg. pc. ora katon têka (ora ngaton-ngaton).
kinjiri: (A) kn. ak. cèlèng.
kinèn: k. kinon.
kinèringan: kw. dièringi, diwêdèni; kc. ering.
kinêban: kn. ([x] lawang) ora bisa olèh lawang marga wis diinêb; kc. inêb.
kinêr-kinêr: êngg. pc. êmpuk mêndal kaya gudir.
kinêrsakake: ki. dikon.
kinira: n. kinintên k. dikira, dianggêp kaya; kc. kira.
kinuswa: kw. diambung; kc. kuswa.
kinon: n. kinèn k. ak. dikon; kc. kon.
kintaka, kintèki: kw. layang.
kintêl: I kn. bngs. kodhok kang bisa mlêmbung. II êngg. kn: pasah; di-[x] êngg: dipasah.
kintên: k. kira.
kintun: k. kirim.
kinca: êngg. kn. juruh (nganggo santên).

kincang: I êngg. kn. 1 rewang, wong kang nyambut gawe ing prabot desa; 2 suwiwining prau (kang digawe pring lsp. dianggo timbangan murih ora ngglewang); [x]-an êngg: prau kang nganggo kincang. II kn. ak: obahing alis (minangka sasmita); di-[x]-ake alise: alise diobahake (dianggo sasmita lsp).
kincêr: kn. matane sasisih diêrêmake (kaya yèn ngincêng lsp); ngincêr: 1 ngêrêmake matane sasisih (ngincêng lps);[8] 2 pc. mindêng, melik bangêt marang.
kincih-kincih: êngg. ak. bêcik bangêt (menginake bangêt).
kincip, kinclip, kinclup, kincup: kn. ak. durung mêgar; kc. kuncup.
kincit: (S) kw. ak. sathithik.
kinclap-kinclap, kincling-kincling: êngg. kn. katon bêning gilap ut. mawa cahya (tmr. banyu lsp).
kinclong-kinclong: kn. katon bêning sumorot (tmr. banyu, mata).
kinthil: kn. tansah tut-buri; di-[x]: tansah ditut-buri.
kinyih-kinyih, kinyis-kinyis, kinyit-kinyit: pc. 1 katon nglênga enak bangêt (tmr. panganan); 2 ent. tmr. wong wadon ayu bangêt.
kinyir-kinyir: pc. êmpuk nglênga (tmr. iwak lsp).
king: êngg. pc. saking, sangking.
kinggatan: kn. ak. koncatan, diinggati; kc. inggat, minggat.
kinggilên: k. kêdhuwurên.
kingkin, kingking: kw. 1 kangên bangêt; 2 sêdhih; 3 bangêt kêsêngsêm.
kingsèp: kn. mari abuh, mari mlêmpung.
kipa: I [x]-[x] kn. êmoh (ora sudi) bangêt. II êngg. kn: pipa.
kipayah: kn. ak. 1 bukti katêrangan kang nyukupi; 2 nipkah, panguripan.
kiparat: (A) kn. ak. dhêndhan marga nêrak laranganing agama Islam.
kipas: êngg. pc. tepas, kêpêt.
(kipat): di-[x]-ake kn. 1 dibuwang sarana dibabitake (ut. diantingake); 2 pc. diselaki, ora diakoni, dilembatake marang liyan.
kipat-kipit: pc. tansah obah-obah buntute; kc. kipit.
kipe: kn. ak. ipe.
kipêr: I kn. kêpêr (ar. bakal). II (inggris) kn: kang njaga gul (tmr. dolanan bal-balan.).
kiping: kn. ak. 1 pinggir; 2 panjawat (tmr. barisaning wadya-bala).
kipit: êngg. kn. tepas (kêpêt) cilik; [x]-[x]: obah-obah buntute.
kipyah-kipyah: kn. ak. kiprah-kiprah.
kipu: ut. kêkipu kn. 1 adus lêmah mbludhuk ana ing lêgokan lsp. (tmr. pitik, manuk); 2 pc. krasan (jênak) bangêt.
kiprah: (-kiprah) kn. jingklak-jingklak jêjogêdan (bungah bangêt).
kipsao: (C) êngg. teko.
(kir): di-[x] (W) kn. dipriksa kawarasaning badane ut. ala bêcike.
kira: n kintên k. panyana, panduga; [x]-ku: saka pandugaku; [x]-ne: bok mênawa; sa-[x]: 1 mênawa kira-kira (bisa lsp); 2 sawêtara (sathithik), up. rada cilik sa-[x] ora dadi ngapa; [x]-[x]: 1 br. rancangan (jangka, mangsud); 2 mung miturut panduga bae, kurang

luwih; klêbu ing [x]-[x]: dinyana; ora [x]-[x] pc: bangêt, kêluwih-luwih; ora nganggo [x]-[x] pc: tanpa duga prayoga; di-[x]-[x]: diduga-duga, ditêksir, diwêtara.
kirab: I ut. kêkirab kn. ak. ngêbêt-ngêbêtake (sampur, rambut lsp) di-[x]-ake: 1 dikêbêt-kêbêtake (tmr. rambut, wulu, sampur lsp); 2 ak. dikipatake (diselaki, dilembatake). II kn. ak: mêtu barêng arak-arakan (tmr. wadya-bala lsp); di-[x]-ake ak: dibudhalake bêbarêngan (tmr. wadya-bala lsp).
kirana: (S) kw. sorot, cahya.
kirang: k. kurang.
kirangan: êngg. k. êmbuh.
kirat: kw. kilat, sorot.
kirata: kw. gêrma; kc. kerata.
kirda: kw. sênêng-sênêng (ulah lambang-sari); kc. kridha.
kiri: êngg. kn. kiwa, kedhe.
kirig-kirig: kn. 1 ngêrog-êrog awak (tmr. kewan, kaya upamane asu sing mêntas diêdusi); 2 krasa mrindring awake marga jijik lsp; 3 pc. êmoh bangêt, kipa-kipa; kc. mêngkirig.
(kirih): kêkirih kn. ak. 1 ngrêsiki kalèn(an) ilèn-ilèn banyu mênyang sawah; 2 golèk santolan; di-[x](-i) ak: 1 dirêsiki; 2 disimpangake iline (tmr. kalènan); 3 dipêpiringi murih bêcik; kc. irih.
kirik: kn. anak asu, asu cilik; rindhik [x] digitik pc: banjur agahan tumandang lsp. (marga wis kêpengin ing sadurunge).
kirim: n. kintun k. mènèhi (sarana dititipake) marang wong kang adoh panggonane, [x] donga: ndongakake, nyêmbahyangake; di-[x]: 1 diêtêri (pangan lsp) saka ing omah (tmr. wong mêgawe lsp); 2 dipêpêtri sarana disajèni kêmbang lsp. (tmr. kuburan); 3 pc. dibayar anakane supaya ora lêbur (tmr. gadhèn); di-[x]-i: diwènèhi apa-apa kang dikirimake; [x]-an: 1 apa-apa [apa-...]
--- 225 ---
[...apa] kang dikirimake; 2 udan ing mangsa kêtiga.
kiring ~ (klabak).
kiring: kn. krambil tuwa (garing); cêngkir kêtindhihan [x] pr: arêp laki (rabi) kêpalang dening sêdulure tuwa durung omah-omah.
kiris: I kn. kêpèngès, diiris ora kêjarag; kc. iris. II kw: gilap, mawa cahya.
kirna: I kn. ak. 10 wurda (1.000.000 yuta): kirnan: pirang-pirang kirna (akèh bangêt). II pala [x] kn: wowohan ing wit-witan pakêbonan (nangka, pêlêm lsp).
kirpus: êngg. kn. kêrpus.
kirta, kirti: kw. pagawean, panggawe; kc. makirta.
kirtya: kw. kirta.
kisa: I kn. nam-naman blarak dianggo nggawa jago lsp. II (S) kw. ak: kêthèk.
kisang: êngg. k. gêdhang.
(kisapu): angisapu kw. ak. mangku.
kisas: ukuman [x] kn. ukum pati; diukum [x] (ut. di-[x]: diukum pati.

kisat: I êngg. kn. garing, kêsat. II di-[x]-ake kw: dibabitake, dikipatake.
kisèn: (-an) kn. klêbon (isi) ora kêjarag; kc. isi.
kisi: kn. ikal-ikalan lawe ing pangantihan; ula [x]: ar. ula cilik; iwak [x]: iwak ing kempol (sapi, kêbo); randha [x]: randha sing duwe anak lanang (dadi wajib kêna ing aradan gugur gunung lsp).
kisik: I di-[x] kn. ak. diisik-isik; kc. isik. II êngg. kn: 1 palêmahan walêdan; 2 pasisir; kc. gisik.
kisinan: kn. nandhang isin; kc. isin.
kisma: (S) kw. lêmah.
kismis: kn. ar. isèn-isèn roti.
kisut: kn. alum sarta padha nglinthing (tmr. kulit).
kisruh: kn. bingung ora karuwan (pangetunge lsp); di-[x]-i: digidhuhi.
kit: kn. papan adol candu.
kita: 1 kw. aku lan kowe kabèh; 2 êngg. aku, -ku.
kitab: (A) kn. layang (babagan agama Islam, Kristên); [x] Suci: kitab torèt lan Injil.
(kitêng): di-[x](-i) kn. dijlumati (tmr. jala).
kitêr: ut. kêkitêr kn. 1 mubêng kêkalangan; di-[x]-i ak. diubêngi, dikupêngi, dikêpung; di-[x]-ake: diplayokake mubêng (tmr. jaran).
(kiting): di-[x] êngg. kn. ditututi, dioyak.
kitir: kn. 1 godhong cilik ing gantilaning woh lsp; 2 layang (wujud dluwang sasuwèk surasane cêkak), girik; di-[x]-i ak: dikirimi kitir, ditêngêri layang sasuwèk; kc. kumitir.
kitiran: kn. 1 obèngan sing diubêngake ing angin (ut. banyu); 2 ak. pêrkutut.
kitrah: (A) kn. ak. (jaman [x]) jaman nalikane ora ana nabi.
(kitrang): [x]-[x], kêkitrang kn. mlaku mrana-mrana ora karuwan polahe (dening bingung bangêt lsp).
kitri: I êngg. kn. 1 têtêngêr ing babadan; 2 pusaka kang turun-tumurun. II kn: wit-witan ing pakarangan kang ngêtokake woh.
kicah-kicih: êngg. pc. kêkêcèh ing banyu (ut. ing jêblogan).
kicak: I kn. ak. kêpidak; kc. icak. II kn: ar. panganan (bngs, jadah diurab gula krambil).
kicat-kicat: kn. krasa panas bangêt (marga ndumuk ut. midak kang panas).
kice, kicèng: êngg. kn. pece.
kicêr: pc. kincêr.
kicih: kc. kicah-kicih.
(kicik): di-[x] kn. 1 dikècèk; 2 disantêni lan digodhog nganti sat (tmr. iwak); kc. kècèk.
kicir: I ut. kêkicir kb. ak. mancur-mancur (tmr. tatu lsp). II êngg. ak: icir.
kitha: k. kutha.
kithal: kn. kurang lancar sarta kaku (tmr. gunêman, basa), ora luwês (tmr. pratingkah, tatakrama).
kithêr-kithêr: pc. katon ngyiyid.

kithik: êngg. ki. tuma.
kithing: kn. mlungkêr sarta dhèmpèt (tmr. driji).
kithung: kw. kidhung, kau.
kiwa: kn. 1 kb. têngên; 2 sêpi, ora adhakan (tmr. panggonan lsp); 2 ala (tmr. wêwujudan); ngiwa: 1 nyênyêkêl lsp. nganggo tangan kiwa; 2 (ut. mêngiwa) ngênêr mênyang ing kiwa; 3 mênyang ing panggonan kang kiwa; 4 (ut. laku ngiwa) laku sèdhèng (tmr. wong wadon); dikiwakake: 1 disisihake (didokokake lsp) ing kiwa; 2 (ut. dikiwani ak) ora diopèni (dirêmbug), dilirwakake; 3 ak. disingkirake, didhêlikake; kc. pakiwan.
kiwal: kn. ak. cowal, kêtaton; kc. kewal.
kiwat: kn. ak. kc. kewat.
kiwe: êngg. kn. kiwa.
(kiwi): kêkiwi kw. lêrêb ing, dêdunung ing; kc. kuwu.
kiwih-kiwih: pc. anyar bangêt.
kiwil: kn. 1 êngg. bundhêt (tmr. rambut); 2 kakehan cacadan, angèl ladèn-ladènane.
kiwir-kiwir: kn. kawir-kawir.
kiwul: ut. kêkiwul kw. malês; 2 nêmpuh, nanggulang.
kyai: kn. 1 sêsêbutaning wong tuwa kang diurmati (guru ngèlmu, dhukun, pangulu lsp); 2 sêsêbutaning pusaka (wêsi aji lsp); 3 guru ngèlmu kabatinan; 4 pc. panyêluk marang Cina singkèk; kyaine pc: macan.
kyayaban: ak. kyangkaban êngg. kn. yab-yaban, byayakan.
kyambak: êngg. k. dhewe.
kyanapatih: kw. bêndara patih.
kyangkangan, kyêngkêngan, kyongkongan: êngg. kn. mlaku alon-alonan.
kyat: I kw. dumadakan, enggal. II ut. kyati kw: misuwur. III br: kiyat.
kyèyèt-kyèyèt: pc. aras-arasên ênggone tumandang; ngyèyèt pc: kuru ringkih.
kyuyus: pating [x] pc. padha klêbus kodanan.
(klabak): [x]-[x], [x]-an kn. 1 njêmpolak-njêmpalik [njêmpolak-...]
--- 226 ---
[...njêmpalik] (kaya pitik dibêlèh lsp); 2 ent. bingung ora karuwan polahe, rêkasa bangêt; nglabak ak: nglubuk.
klabang ~ klasutan.
klabang: kn. bngs. babak salu; [x] nyandêr: ar. dhapuring omah (omah kampung dawa); di-[x]: diênam ulêt-ulêtan dawa (tmr. rambut): [x]-an: rambut kang diklabang.
klabang-ayam: kn. ar. mainan bngs. dhadhu.
klabar: êngg. kn. papan kang cêthèk, punthukan wêdhi ing sêgara.
(klabèt): di-[x]-ake kn. ak. diklèbètake.
klabêt: I êngg. k. klawu. II kn: ar. êmpon-êmpon ambune sêdhêp.
klabut: êngg. ak. klêbut.
kladuk: pc. kêladuk.
klajuk: pc. kêlajuk.

klagan, klayan: êngg. karo, lan.
klair: pc. kêlair.
klairan: pc. kêlairan.
(klayab): nglayab, [x]-an pc. lunga mrana-mrana (tanpa jujug).
klayaran: pc. klayaban.
klayu: I (klajêng êngg. k) kn. 1 kumudu-kudu mèlu; 2 ak. kèlu; diklayoni: ditututi arêp diiloni; kc. layu. II kn: ar. wit sarta wohe (bngs. wuni).
klakah: êngg. kn. sigaran pring ditata jèjèr-jèjèr (dianggo payon, mepe blêng, pagêr lsp).
klakêp: mak [x] pc. sanalika mingkêm (mênêng); [x]-an pc: tansah angop.
klalar: I kn. bolot, dhangkal; di-[x]: dirêsiki sarana digosok ing tangan (tmr. klalar); kc. lalar. II pating [x] ak: katon padha nlosor (nggrêmêt) mrana-mrana.
klalèn: pc. kêlalèn.
klamad, klamat: kn. sawang omah kêmangga (kêmlandhingan lsp).
klamar: kn. 1 êngg. tali (tampar) dipanthêng dianggo gawar lsp; 2 tali ing kala, tampar (tali) ing lawangan bêkungkung; 3 ak. klamad; di-[x]-i: 1 ak. dipêpêti (digawari) ing klamar; 2 digawe wadi.
klambèn: n. ngangge rasukan k. nganggo klambi; kc. klambi.
klambi: n. rasukan k. ar. sandhangan kang minangka tutuping awak (wujud lan arane warna-warna); malik [x] pc: mbalik ngiloni mungsuh; diklambèni n. dipun-rasuki k: diênggoni klambi.
klambu: kn. gubah (gêbêr) tutup paturon.
(klambrang): nglambrang, [x]-an kn. lunga saparan-paran.
klambrèh: kn. ak. klèmbrèh.
(klamêd): [x]-[x], [x]-an kn. obah-obah lambene lan ilate (kaya nalikane mêntas mangan kang enak-enak).
klamit: êngg. kn. amit.
(klamud): di-[x]-i kn. dipangan sarana diamudi (tmr. mangan pêlêm lsp).
klamuk-klamuk, klamut-klamut, klamun-klamun: kn. ak. katon sumamar ora cêtha (marga kêsaput ing pêdhut); kc. lamuk.
klamun: kw. yèn.
klampêt:, pêt [x] pc: banjur ora tau ngaton-ngaton.
klampok: kn. ar. jambu.
(klampra): nglampra kn. nglambrang, lunga saparan-paran.
klamprahan: kn. ak. 1 nglèmbrèh kangsrah ing lêmah; 2 ora kopèn.
klanangan: êngg. k. palanangan.
klanjêr: kn. 1 êngg. planjêr; 2 tuking idu, prênthilan ing brutu kang ngêtokake lênga.
klandhing: kn. woh gêbang.
klandhungan: êngg. k. konthol.
klantih: kn. ak. kasèp ênggone mangan nganti kêluwèn.
klantur: pc. kêlantur.

klancêng: kn. bngs. tawon cilik-cilik kang nganakake malam; kc. lancêng.
klancopan: êngg. kn. kakèhan, kêbangêtên.
(klanthang): di-[x] kn. dipepe ana ing panasan; kc. glanthang.
klanthe: kn. tali kang dianggo nggandhèng bênik (ing gulon lsp).
klanthung: kn. 1 ak. ora cêkêl gawe apa-apa (tmr. abdi-dalêm, sêntana lsp, mung kapatah seba); 2 êngg. tungguk ing dalême priyayi gêdhe.
klanyum: mak [x] pc. sanalika êntèk (ilang).
klangênan: êngg. ki. 1 kasênêngan; 2 sêlir.
klangkèt: pc. kuru bangêt.
klangkling: êngg. kn. wira-wiri mlaku.
klangkrang: êngg. kn. rangrang.
klangla: êngg. kn. ngliga (sêpi).
klangso: êngg. kn. kasèb, lungse.
klangsrah: kn. kumlèmbrèh kambah ing lêmah.
klaungan: êngg. pc. tansah mbaung (tmr. asu).
klapa: k. krambil.
klapês-klapês: pc. kapês-kapês, gabês.
klaput-klaput: pating [x] pc. katon rêgêd gluput.
klaprut-klaprut: êngg. ora kandêl.
klarah: pating [x] kn. sumèlèh sumêbar mrana-mrana; [x]-an: ora kopèn, ora karuwan dunungе (tmr. wong).
klarang: êngg. kn. sêmut abang.
klarap: kn. ak. clèrèt gombèl; kc. larap.
klaras: kn. 1 godhong (gêdhang) garing; 2 êngg. klobot.
klari: êngg. kn. blarak.
klarinèt: (W) kn. bngs. suling.
klas: kn. kc. kêlas.
klasa: n. gêlaran k. nam-naman mendhong, pandhan lsp. dianggo lèmèk linggih (turu lsp); [x] bangka: klasa kang kasar; [x] pasir: klasa kang alus; [x] pacar: klasa mawa corak gêgambaran; nglungguhi [x] gumêlar pr: mung kari nêmu kapenake bae (kabèh wis sumêkta lsp); kc. kumlasa.
klasi: kn. ak. mantrus, punggawa prau.
klasir: mantri [x] (W) kn. priyayi kang pinatah ngukur bumi (mantri ukur); di-[x]: diukur sarta ditêmtokake pajêge (tmr. sawah).
klasutan: êngg. kn. kulit kêndhangan (ing êndhog lsp).
--- 227 ---
klacèn ~ klèru.
klacèn: kn. lêgokan (kalenan) dawa.
klacir: pating [x] pc. katon dhuwur-dhuwur lancip; kc. kacir.
klathak: I mak [x] pc. pêpindhan swaraning nothok lsp. II [x]-an kn: lêmah garing ing sapinggiring kali. III êngg. kn: gorèngan mlinjo.
klawe: pating [x], [x]-an pc. padha obah tangane kaya ngawe-awe; kc. awe, kumlawe.
klawen: pc. kalawan.

klawèr: pating [x], nglawèr, [x]-an êngg. kn. katon dawa nglèmbrèh (tmr. tali, tampar lsp); kc. klèwèr.
klawêr: I [x]-[x] kn. rêrêgêd ing banyu lsp, kang katon dawa-dawa; ora ana [x]-[x]-e pc: ora kangèlan (gampang bangêt). II wong [x] pc: wong kang sênêng badhutan (sêmbranan). III (W) kn: ar. kêrtu gêdhe.
klawir: pating [x] pc. pating klawèr.
klawu: kn. warna kaya warnaning awu (sêmu biru).
klawung-klawung: pc. krasa jêlèh (marga nganggur bangêt).
klebat: mak [x] kn. katon sadhela (malika mlaku lsp); sa-[x]-an: satleraman ing nalikane mlaku; kc. kumlebat.
(klèbèk): pating [x], [x]-[x], [x]-an pc. pating klabak, klabakan.
klèbèt: [x]-[x] kn. obah kumitir (gêndera kêna ing angin lsp); di-[x]-ake; diobahake kumitir (tmr. gêndera lsp); kc. kumlèbèt.
kleja: kn. ar. kêrtu cilik.
klèjêm: kn. ak. ([x]-e) sêmuning praèn kaya ...; kc. kèjêm.
klejok: êngg. pc. kledhok.
kledhang-kledhang: kn. lêledhang dolan-dolan, nglèncèr; di-[x]-i pc: diklèncèri.
klèdhèk: êngg. kn. tlèdhèk.
klèdhêng: êngg. kn. kêlalèn, kliru.
kledhok: êngg. pc. kledhon.
klêdhon: kn. ak. kliru ut. kêlalèn (pamilange lsp).
kledhong: kn. ar. wit sarta woh.
klegok: êngg. pc. kledhon.
klèhèn: êngg. geneya, kêpriye.
kleyang: I pating [x], [x]-[x] kn. mêdhun (tiba) kabur nglayang (tmr. godhong lsp); 2 ak. godhong garing (kang wis tiba); [x] kabur kanginan pr: lunga mrana-mrana (ora karuwan jujuge); ngleyang ak: tiba nglayang; [x]-an ak: lunga ngulandara.
klèyèkan: pc. klayaban.
kleyos: êngg. kn. mbacut, lunga bablas.
klekab: kn. ak. kc. klekap.
klekap: pating [x] kn. katon padha nglèthèk (coplok) kulite; di-[x]-i(-ake) pc: dioncèki, dibukak tutupe (kulite).
klekar: mak [x] pc. têturon sanalika; nglekar, [x]-an pc: têturon.
klèkèh: mak [x] pc. katêrangan swaraning nyêmbêlèh; kc. klèkèk.
(klèkèk): di-[x] pc. disêmbêlèh; kc. paklèkèk.
klèkèp: pc. klekap; di-[x]-i, -ake) pc: diklekapi(-ake).
klelad-klèlèd: I kn. ak. melad-mèlèd ilate. II kn: katon aras-arasên (marga ngêlih, patagihan lsp).
klèlèt: kn. wêka angusing candu (ing bêdudan).
klemas: kn. ar. gêdhang.
klemat: I [x]-e pc. sêmune kaya arêp ...; klèjême. II kn. ak: gilap; di-[x]: digilapake sarana digosok ing kuwuk (tmr. jarit).
klèmbar-klèmbar: êngg. kn. katon kledhang-kledhang; kc. kumlembar.
klèmbrèh: pating [x], [x]-an kn. katon mêngisor kangsrah (tmr. jarit lsp).

klèmèn: êngg. geneya, kêpriye.
klèmêngan: êngg. k. lali, kêlalèn.
klemprak: pating [x], [x]-an kn. sumèlèh (disèlèhake) saênggon-ênggon (ora kopèn); nglemprak ak: linggih saênggon-ênggon.
klenan: kn. ak. kurang prayitna; kc. lena.
(klenang): dianggo [x]an pc. dianggo tabokan.
klènjèr: pc. lêledhang, nglèncèr.
klendho: êngg. kn. blondho.
klèntu: k. klèru.
klèntrèngan: kn. mlaku mrana-mrana nggêgolèki.
(klèncèr): [x]-[x], [x]-an, nglèncèr kc: 1 kledhang-kledhang, lêledhang; 2 klèbèt-klèbèt; di-[x]-i: dikledhangi.
klenthang: kn. woh kelor.
(klènthèk): di-[x] êngg. kn. disèsèt, diklèthèk (tmr. godhong têbu garing).
klènthèng: I êngg. kn. blandar. II pating [x] pc: padha nywara thèng-thèng (gêntha lsp).
klenyam: mak [x] kn. sanalika nglècèp kulite; kc. klènyèm.
(klènyèm): di-[x] kn. disèsèt (diklècèp) kulite.
klengkam: kn. ak. ar. bakal kang sinulam ing bênang mas.
klèngkèng: kn. ar. wit sarta woh.
klèngkèngan: kn. 1 nywara ngèngkèng (tmr. asu); 2 ks. nêmbang, ura-ura.
klepak: I mak [x] kn. ak. mak klèpèk; kc. klèpèk. II [x]-an êngg. kn: diwalik gêglebagan (tmr. panggaraping sawah).
klepat: mak [x] kn. lunga rêrikatan; kc. kumlepat.
klèpèk: mak [x], [x]-an molak-malik mumbul-mumbul (iwak ing pêntasan).
klèpèn: êngg. geneya, kêpriye.
klèpètan: pc. katut kêtularan (ala lsp); kc. lèpèt.
klepyan: êngg. k. lali, kêlalèn.
klepun: êngg. k. klèhèn.
klepos: pating [x] pc. katon padha turu.
klerap: pating [x] kn. ak. katon pating glêbyar tmr. banyu.
klèrèhan: kn. karèrèhan, sor-soran.
klèrêk: (W) kn. juru tulis.
klèru: n. klèntu k. 1 diganti (dilironi) kang dudu mêsthine ora disêngaja; 2 salah, lupuh;[9] 3 kêlalèn; kc. liru.
--- 228 ---
klesa ~ klêndi.
klesa: kw. rêgêd, ciri; kc. kalesa.
(klèsèd): nglèsèd kn. linggih (têturon) tanpa daya; [x]-an: 1 ngglangsur-ngglangsur; 2 têturon ngosèk marga krasa lara awake, sayah bangêt lsp.
(klesod): nglesod pc. linggih ndheprok ora mingsêd-mingsêd.
kleca: kn. ar. wit sarta woh.

klècam-klècêm: pc. pasêmoning praèn sêmu mèsêm; mak klècêm pc: sanalika mèsêm.
klecan: êngg. k. lali, kêlalèn.
(klecap): di-[x] kn. ak. diklèthèk diilangi kulite.
(klècèk, klècèp): di-[x] pc. diklecap.
(klècèt): di-[x] êngg. kn. diklecap.
klecok: êngg. ak. cocoh kinang.
klethak-klèthèk: pc. tansah nywara mak klèthèk.
klèthèk: I mak [x] kn. pêpindhan swaraning watu lsp. tumiba ing barang atos. II êngg. kn: thèklèk, gapyak. III êngg. kn: garing ut. digaringake (tmr. jambe, krambil); [x]-an: 1 êngg. palêmahan (ut. pawinihan) kang garing; 2 pc. kêkuraangan, mlarat; kc. klathakan. IV di-[x] kn: disèsèt kulite, diklecap (tmr. apa-apa kang krakêt).
klèthi: êngg. kn. bngs. pênthung wêsi.
klethot: êngg. pc. mlethot, kliru.
klewa-klewa: kn. pratingkah kang ngatonake yèn ora sênêng; diklewani ak: diewani; kc. ewa.
klewah:mak [x] pc. sanalika sigar.
klewang: kn. bngs. pêdhang cêndhak; di-[x]: ditamani klewang.
klewas: mak [x], [x]-[x], [x]-an kn. lunga (nolèh) marga ewa bangêt (isin ut. ora sudi).
klèwèr: pating [x], [x]-an kn. kumlèmbrèh dawa (tmr. tali lsp); di-[x]-ake: diklèmbrèhake dawa (tmr. tali lsp); kc. kumlèwèr.
klêbak-klêbik: pc. tlêbak-tlêbik.
klêbêk-klêbêk, klêbêkan: pc. klabak-klabak, klabakan.
klêbês: kn. ak. klêbus.
klêbêt: k. klêbu.
klêbu: n. klêbêt k. 1 kêbanjur mlêbu, mlêbu ora dijarag; 2 kêpetung, kêgolong ing; 3 pc. dianggêp kaya, dipigunakake; kc. lêbu, mlêbu.
klêbus: kn. têlês marga kodanan.
klêbut: kn. kayu cithakan kuluk (blangkon lsp); di-[x]: dicithak (ditrap) ing klêbut.
klêbon: n. klêbêtan k. dilêboni ora kêjarag; kc. lêbu.
klêjing-klêjing: êngg. pc. 1 têka (lunga tanpa nggêgawa ut. tanpa kanthi; 2 (lunga) kêwirangan, isin bangêt.
klêdhar: pating [x] kn. pating klêdhèr.
klêdhèr: pating [x] kn. katon ora ditata lan ora disimpêni.
klêdhêk: pating [x] kn. ak. pating krêdhak.
klêdhing-klêdhing: êngg. pc. klêjing-klêjing.
klêgon: kn. ak. kêjibah malês bêcik; kc. lêgon.
klêk: mak [x] pc. sanalika mandhêg.
klêkêb: êngg. kn. apêk.
klêkêb, klêkêp: mak [x] pc. sanalika tumutup (mingkêm) rapêt; di-[x] pc: didêkêp, ditutup rapêt.
klêkêk: mak [x] pc. nywara kik (marga ditêkak).
klêkêr: I pating [x], [x]-[x] kn. padha katon njingkrung (turu) ut. lêlêkêran (tmr. ula). II [x]-[x] pc: êrak ut. gêrok (tmr. swara).

klêkêt: kn. ak. kêrkat.
klêlêdên: êngg. kn. klolodên.
klêlêgên: kn. ana kang mandhêg ing gurung (nalikane mangan).
klêlêng: mak [x] pc. têrus lunga tanpa pêpoyan.
klêlêr: pating [x], klêlar-klêlêr kn. nggrêmêt alon; 2 pc. katon aras-arasên; 3 pc. krasa griming-griming kaya kêri.
klêmad-klêmêd: pc. alon pamangane sajak enak bangêt.
klêmah-klêmèh: pc. klêmak-klêmèk.
klêmak-klêmèk: kn. 1 alon ora lancar (tmr. gunêman); 2 mêmangan sajak kêmba (ora pati doyan).
klêmbak: kn. ar. têtuwuhan oyode digawe jamu, wur lsp.
klêmbêngan: êngg. kn. royoman, bêbarêngan (mangan, omong-omongan lsp).
klêmbungan: êngg. kn. plêmbungan.
klêmbrèh: pating [x] pc. pating klèmbrèh.
klêmbrêt: pating [x], nglêmbrêt kn. katon wis kaya gombal (tmr. jarit lsp); [x]-an: gombal(-an).
(klêmèh, klêmèk): kc. klêmak-klêmèk.
klêmèr: êngg. kn. ringkih bangêt (tmr. bocah cilik).
klêmêdan, klêmodan: êngg. pc. klamêdan. klomad-klamêd.
(klêmêk): nglêmêk pc. ora garing kumrisik.
(klêmêng): [x]-[x], nglêmêng kn: krasa ajêg panas (marga mêndhung lsp).
klêmêr-klêmêr: pc. ora sigrak, sarwa alon.
(klêmir): nglêmir kn. tipis bangêt (tmr. bakal lsp).
klêmis: êngg. pc. klimis.
klêmuk: kn. bngs. êmpluk gêdhe dianggo wadhah lênga lsp.
klêmun-klêmun: kn. katon pêtêng kêsaput ing pêdhut (lamuk).
klêmpak: k. klumpuk.
klêmpas-klêmpus: kn. kêmpas-kêmpus napase.
klêmpêr: êngg. ak. sêmaput.
klêmpuruk: pating [x] kn. ak. padha nglumpruk têtumpukan; nglêmpuruk: nglumpruk, ngêndhuruk.
(klêmpus): nglêmpus pc. turu ora nglilir-nglilir; kc. klêmpas-klêmpus.
klêmpon: êngg. kn. kêturon.
klêmprak-klêmprêk: pc. kêrêp ambruk (têturon lsp) tanpa daya.
klêmprang: pating [x] kn. ak. padha nywara crang (têmpuking gêgaman lsp).
klêmprang-klêmprêng: kn. ak. mlaku alon kaya ana kang dirasak-rasakake.
klêndi: êngg. kêpriye.
--- 229 ---
klêndhah ~ kliyas-kliyus.
klêndhah: êngg. krambil.
klêndhah-klêndhèh: pc. alon-alonan (ênggone mlaku).
klêndhak: êngg. kn. bngs. klênthing wadhah banyu.

klêndhang: I pating [x], [x]-[x] kn. padha ngyiyid rêgêd (mata lsp). II [x]-[x] êngg. kn: katon blênjat-blênjat; kc. kumlêndhang.
klêndhang-klêndhong: pc. padha ngêndhêlong.
klêndhang-klêndhêng: êngg. kn. klêndhang-klêndhang.
klêndhêt: êngg. kn. rêndhêt, rêmbên. II [x]-ing atine êngg. pc: krêntêging atine.
klêndhok: êngg. kn. kuwali; kc. gêndhok.
klênèngan: kn. uyon-uyon nabuh gamêlan ora mrabot.
(klênêng): nglênêng pc. antêng lakune (tmr. banyu lsp).
klênik: pating [x] pc. kakèhan prakara kang dianggo wadi; ngèlmu [x] pc: ngêlmu rasa, paguron kang pamêjange digawe wadi; kc. glênik.
klênis: pating [x] pc. pating klêthis (ênggone mangan); kc. kumlênis.
klêntik: kn. (lênga [x]) lênga krambil; di-[x]: 1 digawe lênga klêntik (tmr. krambil); 2 êngg. pc. diapusi, dirimuk.
klêntit: k. itil.
(klêntrêng): [x]-[x], nglêntrêng pc. mlaku alon (katon kaya tanpa kêrkat).
klêncar, klêncèr: pating [x] pc. padha murub kabèh (tmr. diyan).
klênthang-klênthung: pc. dolan-dolan, mlaku-mlaku.
klênthar: pating [x] kn. ak. padha sumèlèh ora kopèn; nglênthar: ora nêtêpi wajib (nggarap lsp); di-[x]-ake ak: ora diopèni, diênêngake bae, dilêmparakake.
(klênthe): [x]-[x], nglênthe pc. mlaku alon ora nggêgawa apa-apa.
klênthèng: kn. omah pasêmbahyangan (tmr. Cina).
klênthêng: kn. isi randhu; [x]-an: ar. mainan nganggo bumbungan cilik têlu dianggo nutupi klénthêng (dibêdhèk êndi kang isi); di-[x] êngg. pc: diapusi.
klênthing: kn. saèm. jun cilik; [x] wadhah masin pr: isih kêtara tabêting kalakuane kang ora bêcik.
(klênthung): [x]-[x], nglênthung pc. tanpa nggêgawa apa-apa, ora olèh-olèhan.
klênthusên: êngg. kn. padha abuh (bèri-bèri).
klênyam-klênyêm: pc. ênggone mangan alon sêmu enak bangêt.
klênyêr: pc. gurih; kc. klênyir.
klênyêm: êngg. pc. 1 ar. panganan gêthuk digorèng; 2 bngs. lêncèg; kc. klênyam-klênyêm.
klênyêng-klênyêng: pc. 1 krasa rada mumêt (ngêlu); 2 rada edan.
klênyêr: mak [x] pc. krasa rada griming-griming kêpenak (tmr. badan lsp).
klênyir, klênyis: êngg. kn. gurih bangêt (kaya rasaning krambil).
klênyit: pc. 1 rada mambu (sarta ayid, tmr. jangan lsp); 2 rada gêndhêng; pating [x] pc: rasa campuran warna-warna sarta ora enak; [x]-an pc: 1 sêmbranan, kerasan; 2 lirih-lirihan (tmr. panabuhing gamêlan).
klêngêr: kn. ora eling, sêmaput.
klêngkang-klêngkêng: mak [x] pc. sanalika ngglethak mati.
klênguk: pating [x] pc. padha linggih lênguk-lênguk.

klêpèh: êngg. pc. têlês kêproh.
klêpêk: I mak [x] pc. mak klêkêk. II pating [x], [x]-[x] pc: kêkablak ut. kêkêbêt suwiwine; kc. klabak, klapak, klèpèk.
klêpêr: pating [x], [x]-[x], [x]-an kn. padha katon mabur (bola-bali, wira-wiri, uyêk-uyêkan).
klêpyar: pating [x] pc. padha ambyar, kumêpyar; kc. kêpyar.
klêpyur: pating [x] pc. katon kêpyur-kêpyur (ing pandêlêngan).
klêpus: (klêpas-klêpus) êngg. pc. 1 ngêtokake kêbul akèh (nalikane udud); 2 umuk, sugih omong.
klêpoh: êngg. pc. kêproh.
klêpon: kn. 1 ar. panganan glêpung kêtan diglindhingi diisèni gula; 2 prênthilan ing kanthongan wadhah bayi (tmr. kewan).
klêprèh, klêproh: êngg. pc. têlês kêproh.
klêpruk: pating [x] pc. padha nywara pruk-pruk (kêpruk-kêprukan).
klêrêk-klêrêk: pc. nywara êrak (gêrok).
klêsêd: mak [x] pc. 1 sanalika obah mingsêd; 2 sanalika mulur banjur kaku (mati).
klêsik: pating [x], klêsak-klêsik, [x]-an kn. padha gunêman lirih (bisik-bisik).
(klêtêr): nglêtêr pc. alus lan bêcik bangêt (ênggone njogèd).
klêtik: êngg. kn. (lênga [x]) lênga klêntik.
klêting: kn. ikalan lawe kang dilêbokake ing tropong (piranti panênunan); di-[x] ak: dicokol (diombèni jamu).
klêci: kn. bngs. kênthang.
klêcing: êngg. kn. kêcing.
klêcir: pating [x] pc. pating krêncil.
(klêcis): nglêcis pc. tansah udud, karêm udud.
(klêthak): di-[x] kn. dicakot (dijapit) ing untu bam tmr. barang kang atos.
klêthêk: (-klêthêk) kn. 1 nywara thêk-thêk (ing kothak, lêmari lsp); 2 ([x] ing ati) ak. krêntêging ati, niyat; nglêthêk pc: ngundhêr, tansah tumandang ing gawe; [x]-an pc: tansah tumandang ing gawe.
klêthês: mak [x] pc. sanalika pèndèng (kêtlindhês lsp).
klêthik: mak [x] pc. pêpindhan swaraning panganan kang gêtas dimamah; [x]-an: panganan kang garing-garing.
klêthir: pating [x], klêthar-klêthir kn. ak: saka sathithik, thar-thir.
klêthis: pc. kc. klêthik.
klêthuk: mak [x] pc. swaraning barang atos dimamah (diklêthak); di-[x] pc: diklêthak.
(klêthus): di-[x] pc. diklêthak, dipangan (dimamah).
klidhêng: (-an) êngg. klèdhêng(an).
kligane: êngg. kêbênêran, tujune.
kliyang: kn. ak. kleyang.
kliyas-kliyus: êngg. kn. kisinan, kêwirangan.
--- 230 ---
(kliyêk) ~ klulur.

(kliyêk): [x]-[x] kn. lunga mlaku-mlaku sadhela; ngliyêk, [x]-an: tansah lunga mrana-mrana.
kliyêng-kliyêng: kn. 1 krasa ngêlu (mumêt); 2 pc. rada edan.
klika: kn. kuliting wit (kayu).
klikatên: êngg. kn. likatên, gringgingên.
kliki: kn. (lênga [x]) lênga jarak.
klikik: pating [x], klikak-klikik kn: 1 swara ing wêtêng nalikane ngêlih; 2 nywara kik-kik (cêkikên);' nglikik pc: ngêlih bangêt, kalirên; kc. kumlikik.
klikip: (-an) kn. guthêkan mawa tutup ing pêthèn (pêthi, grobog, wadhah kinang lsp).
klilan: pc. kalilan.
klilapan: êngg. pc. 1 kêliwatan; 2 kêlalèn; 3 kêkilapan.
kliling: êngg. pc. 1 ing sakubênge; 2 mubêng-mubêng, nganglang (rondha, mriksa lsp); 3 mandhor; di-[x](-i): 1 ak. dijaga; 2 êngg. pc: dinganglangi, dirondhani, diubêngi; [x]-an êngg. pc: layang idêran.
klilingan: êngg. ak. jênthik manis.
klilip: kn. 1 rêrêgêd kang mlêbu ing mata; 2 ent. apa-apa kang njalari ora sênêng (mungsuh, cacad lsp); [x]-ên: kêlêbon rêrêgêd ing matane.
klimah: kn. ak. têtêmbungan; kc. kalimah.
klimêngan, klimunan: êngg. k. lali, kêlalèn.
klimis: kn. 1 alus sarta gilap; 2 pc. katon rada bêcik, rada lêmu.
klimpe: pc. kêlimpe.
klimputan: kn. ak. kêwirangan; kc. limput, kalimputan.
klindhên: kn. tali jantra pangantihan (kang dianggo ngubêngake).
klinik: (W) kn. papan dianggo mulasara wong lara.
klinu: kn. ar. wit.
klintang-klinting: I kn. mlaku-mlaku tanpa tuju; kc. klintingan. II pc: gêgulungan; kc. glinting.
klintar-klintêr: kn. tansah têka (mlaku) sêmu ana kang diarah; kc. klintêr.
(klintêr): di-[x]-i kn. ditêkani (diubêngi) bola-bali (kanthi sêdya ala); [x]-an: tansah têka (mubêng-mubêng) kanthi ana sing diarah.
klintingan: I kn. tansah lunga (mlaku-mlaku) tanpa tuju. II pc: gêgulungan.
klintong-klintong, klintongan: êngg. pc. mlaku-mlaku, mlancong.
klintrêk-klintrêk: pc. katon kênthêl kêmpêl.
klincir: êngg. kn. têlês kêbês.
klincuran: kn. ak. klincutan.
klincutan: kn. klicutan.
klinthang-klinthing: kn. tansah nywara thing-thing (gêntha lsp).
klinthang-klinthung, klinthungan: êngg. kn. mlaku-mlaku tanpa tuju.
klinthing: I kn. gêntha cilik, bèl; di-[x](-i): diwèhi sasmita sarana klinthing. II pating [x] kn: padha njêngkêrud têtêkukan. III kn: woh gadhung kang ana ing dhuwur.
(klinyêm): di-[x] pc. diklenyam, diklècèp.
klinyit: pc. katon gilap akèh lêngane.

klingking: kw. jênthik.
klingkung: kn. ak. klèru, kêlalèn.
klingsènên: êngg. kn. lungse, kasèp.
klingsi: êngg. kn. klungsu.
klipyan, klipcan: êngg. k. lali, kêlalèn.
klirak-klirik: kn. tansah nglirik; kc. lirik.
kliru: n. klintu k. ak. klèru.
klisa: kn. ar. oyod-oyodan (ing wit rumambat) kang kêna dipangan.
(klisik): nglisik kn. obah alihan (tmr. wong turu); [x]-an: tansah obah alihan (ngosèk) ora bisa turu kêpati.
klicatan: pc. kumudu-kudu lunga (marga ora jênak, isin lsp).
klicèt: êngg. kn. dudul klambi lsp.
(klici): di-[x] pc. dilus digilapake.
klicir: pating [x], [x]-[x] pc. pating klacir.
klicit: kn. katon gilap nglênga.
klicutan: kn. ak. ora wani mandêng (menga-mengo) marga isin lsp.
klithah-klithih: kn. tansah mlaku wira-wiri (sêmu nggêgolèki, bingung lsp).
klithihan: kn. tansah mlaku-mlaku sêmu nggêgolèki, bingung golèk butuh lsp.
klithik: êngg. kn. klinthing cilik; mak [x]: nywara mak thik; kc. kumlithik, wayang klithik.
klithikan: kn. bakul (dodolan) kabutuhan padinan warna-warna kayata: bolah, lading, sabun lsp.
kliwa: (S) kw. ak. kêdhi.
kliwat: n. (kê)langkung k. wis liwat, wis luwih; [x]-an n kêlangkungan k: wis diliwati, ora kêpetung; kc. liwat.
kliwêng-kliwêng: kn. ak. kliyêng-kliyêng.
kliwêr: pating [x], [x]-[x], [x]-an pc. 1 tansah katon (têka lsp); 2 katon dawa-dawa ana ing banyu; kc. kumliwêr.
kliwon: kn. 1 ar. dina pasaran kang kapisan; 2 êngg. lurah desa; 3 êngg. lurah ing padhukuhan (sangisoring lurah desa); 4 ar. pangkat sangisoring bupati.
kluban: êngg. pc. kuluban.
klubuk: pating [x], [x]-[x], [x]-an kn. 1 êngg. pc. ngêbêt-ngêbêtake suwiwine arêp ucul (tmr. pitik, manuk lsp); 2 njêmpolak-njêmpalik ut. klèpèkan (ana ing banyu tmr. iwak lsp).
(kluyu): di-[x] kn. ak. diwêdêl manèh (tmr. lurik kang wis masêm lsp); kluyon: 1 êngg. lurik lsp. kang dikluyu; 2 êngg. pawinihan.
kluyugan: êngg. pc. gluyuran.
(kluyur): [x]-[x], ngluyur, [x]-an êngg. pc: kloyongan, gluyu.
kluyon: kn. 1 lurik lsp. kang diklunyu; 2 êngg. pawinihan; kc. kluyu.
klukak-klukuk: pc. tansah nywara kluk-kluk (ing wêtêng lsp).
(kluku): di-[x] kn. ak. diêkum ing banyu, banyune banjur dianggo tamba (tmr. jimat lsp); banyu klukon ak: banyu kang wis dikumi jimat lsp, dianggo tamba
klukuk: kn. pipa ing têngggoke nganggo wadhah banyu.

klulur: pating [x], [x]-[x] kn. mlaku alon sajak kurang kêkuwatan.
--- 231 ---
klulut ~ klonthong.
klulut: kw. kang dilulutі, kêkasih; di-[x]-i kw: dilulutі, ditrêsnani; kc. lulut.
klumah: pc. tiba mlumah; kc. lumah, mlumah.
klumbruk: pating [x] kn. têtumpukan ora tata (tmr. barang sêmbêt); di-[x]-ake: disèlèhake bae (tmr. barang sêmbêt).
klumud: kn. rêgêd bangêt (gupak lêmah lsp).
(klumuh): di-[x]-i kn. ak. ditanduki (diêmong) kanthi sabar; kc. lumuh.
klumur-klumur: pc. rêmbên bangêt lakune.
klumus: êngg. kn. klubus, têlês bangêt.
klumpêngan: êngg. kn. kêjudhêgan.
klumpuk: n. klêmpak k. ([x]-i) gunggunge, kabèh dadi siji; [x]-[x], kêklumpuk: nglumpukake apa-apa saka sathithik didadèkake siji; di-[x]-ake: dikumpulake dadi siji, didadèkake siji; (kê-)[x]-an: 1 olèh-olèhane nglumpukake; 2 kumpulan padha patêmon; 3 padha ngumpul (nglumpuk).
klumprak-klumpruk: pc. katon kaya tanpa daya; kc. klumpruk.
klumpruk: pating [x] kn. padha têtumpukan ora tata, ent. padha ambruk tanpa daya; nglumpruk: ambruk tanpa daya.
kluntrung: pating [x] êngg. pc. padha lunga sêmu ora kêduga.
klunthangan: êngg. kn. ugal-ugalan, kurang ajar.
klunthuh-klunthuh: pc. ora gagah lan ora sigrak (lakune lsp).
klunthung: I [x]-[x], pating [x] pc. nywara thung-thung (gêntha sapi lsp); kc. klonthong. II êngg. kn. cumplung (êndhas). III di-[x] kn. ak: digulung, dilunthung; kc. lunthung.
klunyatan: kn. kurang ajar, murang tata.
(klunyum): di-[x] pc. diklènyèm, diklonyom.
klunyut: êngg. pc. klêbus.
klungsu: kn. isi asêm.
klungsur: kn. rada kêmpot (tmr. pipi).
kluruk: kn. swara ut. nywara sêru (tmr. jago, ing wayah esuk, arêp tarung lsp. uga dianggo ent).
kluron: kn. nglairake bayi kang durung mangsane.
klusad-klusud: mak klusud pc. katêranganing mlèsèd ut. mletre.
klucèh-klucèh: êngg. kn. cêbêlèh, kurang cahya (tmr. warna lsp).
klucut, klocut: kn. klêbus (marga kodanan).
kluthak-kluthêk pating kluthêk, kluthêkan: pc. tansah nywara thak-thêk.
kluthak-kluthuk: pc. tansah nywara thuk-thuk.
kluthuk: I mak [x] pc. nywara thuk. II êngg. kn. 1 gêntha kayu (ing gulu sapi); 2 pêthèn kayu, glêdhêg; 3 glodhog; 4 bngs. ting awujud kothakan kayu; 5 bngs. grobag cilik. III kn: ar. jambu lan gêdhang (mawa isi). IV pc: 1 tulèn, tanpa campuran; 2 barès, pêsaja.
kluwa: kn. godhogan tela lsp. nganggo santên; di-[x]: diolah kluwa.

kluwak: kn. woh pucung kang wis tuwa lan wis diolah (dianggo bumbu).
kluwar: êngg. pc. mêtu.
kluwas: êngg. kn. kluron.
kluwat: kn. jugangan kuburan.
kluwèn: kn. ngêlih, kêluwèn; kc. luwe.
kluwêk: êngg. kn. kluwak.
kluwêng: mak [x] pc. katêranganing menggok ut. mubêng.
kluwêr: mak [x] pc. sanalika menggok (mubêng).
kluwuk-kluwuk: pc. kluwus-kluwus.
kluwung: kn. 1 wêwujudan mlêngkung ing langit mawa warna biru, abang lsp. kêdadean saka pêcahing sorot; 2 êngg. bngs. kêmangga; 3 kayu urung kêndhang lsp.
kluwus-kluwus: kn. katon rêgêd sêmu klawu (tmr. klambi putih lsp).
klobak-klobak, klobakan: kn. ak. klubuk-klubuk, klubukan.
klobot: kn. lêmbaran buntêling jagung (sok digawe rokok).
kloyong-kloyong, kloyongan: êngg. pc. 1 mlaku-mlaku; 2 sênggoyoran, gloyoran.
kloyoran: pc. gloyoran.
kloko: mak [x] pc. sanalika kêndho ut. ucul.
klokop: pating [x] kn. katon padha mêngkab-mêngkab (tmr. klika lsp); di-[x]-i: disèsèt ut. dijupuk kulite (klikane).
klokor: I mak [x] pc. mak kloko; nglokor pc: kêndho, udhar. II [x]-[x] pc: gêdhe sêmu gêrok (tmr. swara).
klokro: mak [x] pc. mak klokro; nglokro pc: kêndho, udhar, ent. wis êntèk pangarêp-arêpe.
klolodên: kn. klêlêgên barang kang êmpuk alod (iwak koyor lsp).
klolor: pating [x], [x]-[x] pc. pating tlolor.
klomah-klamèh: pc. klêmak-klêmèk.
klombèran: êngg. kn. kalènan.
klombyar-klombyor: pc. glombyar-glombyor.
klombot: êngg. kn. klobot.
klombroh: nglombroh, [x]-an kn. kêlandhungên lan kêgêdhèn (tmr. klambi lsp).
klomod: êngg. pc. klamud, klumud.
klomoh: kn. gupak lênga lsp. wrata kabèh; di-[x](-i): ditêlêsi nganggo lênga lsp. nganti wrata; 2 êngg. pc. diapusi, diblithuk.
kloncèr: pating [x] pc. katon dawa-dawa kaya koncèr.
klonthang, klonthèng: kn. pêpindhan swaraning gêntha lsp; pating [x], [x]-[x], [x]-an: nywara klonthang (klonthèng).
klonthangan: kn. ak. badhut, banyolan.
klonthang-klanthung: kn. ak. lêgèh ora nggêgawa apa-apa, nganggur.
(klonthok): di-[x] pc. diklothok, diklokop; [x]-an pc: klothokan.
klonthong: I kn. 1 (ut. [x]-an) ar. têtabuhan [têtabuh...]
--- 232 ---
[...an] (unèn-unèn) dianggo dolanan ut. têngara nawakake dodolan; 2 (Cina [x]) (Cina) bakul idêr-idêr barang-barang. II [x]-an kn: 1 apa-apa

kang ing jêrone growong (tanpa isi); 2 kang wis kothong (tmr. êndhog, rèk lsp); kc. slonthongan.
klonyo ~ (kuya).
klonyo: (W) kn. ar. lênga wangi.
klonyom: mak [x] pc. sanalika thèthèl (tmr. kulit lsp); di-[x] pc: diilangi kulite.
klongkang-klongkong, klongkongan: pc. 1 nangis sêru; 2 ks. ura-ura.
klop: (W) pc. cocog petungane.
klopak: pating [x], [x]-an kn. ak. klubukan.
klopod: êngg. kn. rêgêd, glumut.
(klopok): di-[x] pc. dibakar ut. dipanggang (tmr. iwak lsp); kc. kropok.
klorèh: (-an) kn. ak. nglantrah bangêt, ngandhar-andhar.
(klosod): nglosod, [x]-an kn. ak. linggih ora lunga-lunga; kc. klèsèd.
klotor: êngg. kn. bngs. kreta arodha papat.
klocut: pc. klêbus kodanan; kc. klucut.
(klocok, klocop): di-[x](-i) pc: diklècèp, diilangi kulite.
klothak: mak [x], pating [x], [x]-an pc. pêpindhaning swara saèm. klèthèk.
klothèk: pc: saèm. klothak.
klothok: I di-[x](-i) pc. diklèthèk, diklokop, diklocop. II êngg. kn. tulèn; kc. kluthuk.
klowang-klawung: kn. krasa jêlèh dening nganggur bangêt.
klowoh: êngg. kn. êmpuk gêdhe dianggo paidon lsp; nglowoh pc: mlongo, ndlongop.
klowong: I mak [x] kn. ak. 1 mangun mlêngkung (bundêran); 2 sanalika ngêndhêlong (kêndho); [x]-an: 1 bundêran; 2 alèn-alèn, gêlangan; 3 ak. klonthongan (tanpa isi); kc. kluwung. II di-[x]-i kn: 1 dibathik cêngkorongane (durung nganggo isèn-isèn); 2 didokoki lowahan ing layang lsp, kang bakal diisèni; kc. lowong, nglowong.
klowos: pating [x] kn. ak. padha kothong (bolong); nglowos ak: ora olèh-olèhan, lêgèh bae.
ku: n. -kula k. sêsulih pandarbe utama-purusa.
kubalan: kn. ak. kêna ing ubaling gêni lsp; kc. ubal, mubal.
kubandha: kw. ak. buta.
kubang: êngg. kn. blumbangan.
kubêk: kn. ak. diubêk; kc. ubêk.
kubêng: kn. watêsing lumah kang ngubêngi; di-[x](-i): dikupêng ing; kc. ubêng.
kublêg: êngg. kn. bngs. lumpang kayu.
kubuk: kn. 1 trêp dawa lan ambane, awangun pêsagi (tmr. kacu lsp); 2 êngg. kacu; 3 pêsagèn; 4 awangun dhadhon (dawa, amba lan dhuwure padha); 5 ak. kurup, sumbut; 6 (ut. [x]-an) ar. dolanan mawa totohan nganggo kêcik dibyukake banjur ditutupi tangan dibêdhèk cacahe ut. gathèt ganêpe; di-[x]-ake: 1 didadèkake pêsagi; 2 ak. dikurupake, disumbutake.
kubul: kn. ak. palanangan.

kubur: (-an) kn. pasarean ki: pêndhêman mayit, jaratan; di-[x] n. dipunpêtak k. disarèkake, sumare ki: dipêndhêm (tmr. mayit).
kubut: kn. ak. ditutupi (dikrukup) bukut.
kubon: kn. ak. kêbon.
kubra: kiyamat [x] (A) kn. kiyamat gêdhe (ing pungkasaning jaman).
kuda: kw. (êngg. k): jaran; [x]-[x] kn. 1 ak. jagrag; 2 kayu sanggan andêr.
kudandapan: kn. ak. 1 ak. digadhang-gadhang ing têmbe bisaa dadi ...; 2 dialêmbana lan dibêbungah atine sarana pangalêm lsp. (tmr. bocah cilik); 3 pc. diujar-ujari, disrêngêni; (ke-)[x]-an ak: 1 têtêmbungan (pangalêm, panggadhang) kang dianggo ngudang; 2 panjaluk ut. kasaguhan; 3 br. jênêng.
kudu: n. kêdah k. 1 ak. dêrênging ati tansah arêp (nindakake lsp); 2 (ora kêna ora) mêsthi wajib ditindakake (dilakoni lsp); 3 mêmpêng bangêt arêp ... kc. kumudu, kudon, parikudu.
kudur: (-an) kn. kawajiban mitulungi nggarap sawahing lurah (tanpa buruhan mung disuguh pangan lsp); di-[x]-ake: disambatake marang kuli (tmr. panggaraping sawah).
kudus: (A) kn. ak. suci.
kudon: kn. 1 êngg. pêrlu bangêt; 2 ak. pêpadon, udur-uduran.
kudrat: (A) kn. ak. panguwasa; kc. kodrat.
kujana: kw. 1 wong ala; 2 nêpsu, muring; kc. kunjana.
kujang: êngg. kn. kudhi.
(kujiwat): ngujiwat kw. mlerok, mbalang liring.
kudhampêl: kw. ngêthapêl, nèmplèk.
kudhandhangan: kw. kêpengin (kangên) bangêt; kc. dhandhang.
kudhar: êngg. kn. udhar, ucul; [x]-an ak: kêwudan; kc. udhar, wudhar.
kudhas-kudhis: kn. kadhas-kudhis.
(kudhêk): di-[x] êngg. diudhak, diudhêk.
kudhi: kn. bngs. arit ing têngah nganggo blêndhuk mèmpêr pêthèl; [x] pacul singa landhêpa pr: (padha dene pintêr lsp) mung kari adu bêgja.
kudhis: kn. ak. kadhas-kudhis.
kudhu: kn. ar. oyod dianggo ngabang jarit lsp; di-[x]: diabang ing kudhu.
kudhung: kn. 1 êngg. tutup; 2 êngg. caping; 3 (ut. kêkudhung, [x]-an) nganggo tutup ut. aling-aling (slendhang lsp) ing êndhase; [x] indhing (tapih) pc: (wong lanang) kalah bangêt karo kang wadon; [x] lulang macan br: nganggo jênênging panggêdhe ut. wong kang kuwasa.
kudhup: kn. 1 tlakupaning kêmbang nalikane durung mêgar; 2 kuncup; 3 pc. rada suthup (tmr. mata).
kuhaka: (S) kw. ak. durjana, wong ala.
kuhana: b(S) kw. ak. ora barès, cidra.
(kuya): di-[x]-[x] kn. tansah dioyak-oyak (dikon lunga lsp).
--- 233 ---
kuyu-kuyu ~ kulkul.
kuyu-kuyu, kuyus-kuyus: kn, ak. dlèwèran tmr. kringêt lsp.
kukama: (A) kn. ak. (para [x]) para ahli kukum, para hakim.

kukang: êngg. kn. ar. kewan satêngah kêthèk.
kukap: kw. 1 kêbul, mega; 2 dupa.
kukarma: (S) kw. ak. tindak ala.
kukila: kw. manuk.
kuku: kn. kanaka ki. tutuping pucuk driji sikil ut. tangan; sa-[x] irêng pc: sathithik bangêt; di-[x]: dicuwêk lsp. ing kuku.
kukub: kn. ak. krukub, tutup (rai lsp) di-[x](-i) ak: dikrukub, dikrodhongi; [x]-an êngg. ak: wêwêngkon, tlatah; kc. kukup, krukub.
kukud: kn. 1 mbubrah-mbubrahi (dhasarane lsp. arêp lèrès); 2 ak. mati; di-[x](-i): dibubrahi lan diklumpukake (tmr. dagangan kang didhasarake).
kukuh: n. kêkah k. 1 sêntosa, ora gampang rusak (tmr. omah lsp); 2 kêncêng ut. puguh kêkarêpane (panêmune); di-[x]-i: 1 diugêmi, digêgêgi (tmr. panêmu lsp); 2 ditêtêpi têmênan (tmr. kasaguhan lsp); kc. pikukuh.
kukuk: êngg. ak. nywara dianggo nggêgiro cèlèng lsp. kang diburu.
kukul: kn. pruntus-pruntus ing rai saèm. kutil; [x]-ên: ana kukule (ing rai).
kukum: (A) kn. ak. putusan (ing pangadilan); kc. ukum.
kukumah: (A) kn. ak. 1 têksiran, kira-kira; 2 putusan, pancasan.
kukumullah: (A) kn. ak. pancasaning Allah.
(kukup): di-[x] kn. 1 dirakup nganggo tangan loro (diklumpukake ut. dibuwang); 2 diwêlasi lan diopèni (tmr. bocah kapiran, wong kêsrakat lsp), diêpèk mantu kanthi disangga sawragat kabutuhane; ora ngukup: ora olèh-olèhan, wis ora kêna dipèk pigunane; tanpa [x]-an ak: ora olèh apa-apa.
(kukur): [x]-[x] kn. nggaruk-nggaruk nganggo kuku (ing peranganing awak kang gatêl); di-[x]: 1 digaruk ing kuku; 2 êngg. ak: diparud, dikikir, dilus.
kukura: kw. kura.
kukus: kn. 1 kêbul; 2 uwab (ing banyu kang digodhog); 3 suwur, pawarta; dhuwur [x]-e ak: kêwêntar, misuwur; di-[x](-i): dimatêngake sarana sumubing wedang; [x]-an: piranti dianggo ngukus bêras ing nalikane adang (awujud nam-naman pring diwangun kaya conthong); kc. kumukus.
kuksi: (S) kw. ak. wêtêng.
kul: I kn. ar. bngs. keyong; [x] buntêt: keyong buntêt (sok dianggo jimat); kc. kulkul. II di-[x] kn: disiya-siya sarta disapèlèkake. III (W) kn: kobis; [x] bandhang: ar. wit.
kula: I k: 1 aku, -ku; 2 dak-, tak-; 3 wangsulan yèn diundang. II (S) kw: darah, trah, turun, sanak-sêdulur.
kulaja: (S) kw. ak. trah luhur.
kulagotra: (S) kw. sanak sêdulur.
kulah: I êngg. kn. gupak, kêkuthah. II di-[x] êngg: diulêd, dicampur. III kn: wadhah banyu dimêstèr dianggo padusan.
kulak: I kn. êngg. ak. takêran bêras; 2 n. kilak k. (ut. kêkulak, [x]-an) tuku dagangan arêp diêdol manèh; [x] warta adol prungon pr:

ngrungok-ngrungokake pakabaran; di-[x]: dituku arêp diêdol manèh; di-[x]-ake: diêdol marang bakul; [x]-an: (rêrêgan ut. barang) ênggone kulak.
kula-kuli: kn. ak. manuh, kulina.
kulala: (S) kw. ak. kundhi.
kulam, kulêm: kn. ak. blumbang, kulah.
kula-mitra: kw. sanak lan kanca-kanca.
kulanthe: kn. 1 kc. klanthe; 2 ar. têmbang têngahan.
kular: êngg. kn. bolah ular-ular.
kula-sêntana: (-wanda, -wangsa, -warga) kw. sanak sêdulur.
kulawu: kn. ar. wuku kang kaping 28; kc. klawu.
kuldi: kn. ar. kewan bngs. jaran cilik.
(kule) ma-[x] kw. ak. turu.
kulègèn, kulèhe, kulèhèn, kulêmên: n. kulepun k. êngg: geneya, kêpriye.
kulemat: kn. ak. mori alus.
kulèn: pc. sawah kang digadhuhake marang kuli.
kulêd: kw. rêmbên, ora gancang.
kulêm: I kw. 1 bêngi, wêngi; 2 turu; kc. kilêm.
kulhu: (A) kn. pêpucuking surah ing kurän (kalumrah dianggo bêbuka yèn ngaji lsp).
kuli: kn. 1 wong ing desa (kang ora cêkêl gawe); 2 wong kang bêburuh (angkat junjung lsp); [x] kêncêng ([x] baku, [x] kuwat, [x] ngarêp, [x] nomêr siji, [x] pokok): wong tani(-desa) kang baku duwe sêsanggan pagawean desa sarta olèh bagean sawah; [x] buri ([x] gamblok, [x] gandhok, [x] kêndho, [x] satêngah kêncêng): wong tani kang ora olèh wêwênang bagean sawahing desa.
kulib: (A) kn. ak. kirik.
kulihan: n. kantukan k: diulihi; kc. ulih, mulih.
kulihi, kuliyên: êngg. geneya?
kuliling: kn. ak. mubêng; kc. kliling.
kulina:. 1 (S) kw. ak. trah, sanak; 2 kn. wis wanuh bangêt, wis manuh; dikulinakake: digêgulang supaya manuh (kulina).
kulintên: êngg. k. kulina.
kulingling: kn. ak. mubêng; kc. kliling.
kulisa: (S) kw. ak. wadung, kampak.
kulit: kn. 1 buntêl lapisan kang jaba (tmr. kewan, wong, têtuwuhan, woh lsp); 2 wlulang; 3 klika; [x]-an: 1 kang digawe kulit (ing pring tmr. gêdhèg lsp); 2 pc. rupaning kulit; kc. pakulitan.
kulita: kw. kulina bangêt, supêkêt (tmr. mêmitran).
kulit-ayam: kn. 1 kulit kang tipis bangêt (ing dhuwur dhewe); 2 glabat, kêndhangan.
kulit-daging: pc. sanak sêdulur; di-[x]: dianggêp sanak.
kulkul: êngg. ak. bngs. kênthongan kayu.
--- 234 ---
kulkum ~ kumêbêt.
kulkum: (A) kn. ak. kala-mênjing.

kulmak: kn. wong kang pinatah nampani dhayoh (ing nalikane duwe gawe dadi gêgêntine kang duwe gawe).
kulnèl: kn. ak. kolonèl.
kulu: I kn. ar. iwak loh. II kn. ak: katut diulu ora kêjarag; kc. ulu. III [x]-[x] kn. ak: katon rêgêd bangêt akêh blêduge.
(kulub): di-[x] kn. digodhog (tmr. jêjanganan); [x]-an: jêjanganan kang digodhog.
kuluh-kuluh: kn. rêgêd bangêt akèh blêduge (klambi lsp).
kuluk: I kn. makutha, panunggul ki: bngs. kêthu agême para priyayi yèn pinuju pasowanan grêbêgan lsp; [x]-an: nganggo kuluk. II (A) kn: pêgatan saka panjaluke kang wadon.
kuluma: kn. ar. iwak loh.
kulumur: kw. ak. kuthah gêtih lsp.
kulung: I êngg. kn. 1 garan, apan-apan (ing ani-ani); 2 ak sampil kêbo. II êngg. kn: wêsi pipa dalan banyu, kalènan.
kulung-ati: kn. ak. pulung-ati
kulup: (A) kn. 1 ak. ikut, ora têtak; 2 br. thole, ênggèr.
kulur: pc. kolur.
kulon: n. kilèn k. ar. keblat kb. wetan; [x]-an: kang kaprênah (asal lsp) saka kulon, êropah.
kulwan: kw. kulon.
(kum): di-[x] kn. dicêmplungake lan dirêndhêm ing banyu lsp; kc. kungkum.
kumadama: kw. (ngrumangsani ut. api-api) bodho, asor.
kumayu: kn. kênès bangêt, ambêk ayu; kc. ayu.
kumakaruh: kn. ak. sumanak kaya wis wanuh bangêt; kc. karuh.
kumaki: kn. anbêk pintêr, kaya wong tuwa; kc. kaki.
kumala: kw. intên; ngumala kw. kaya intên, sumorot, bêcik bangêt.
kumala-kala: kn. (jaka [x] umur-umuraning bocah lanang kira-kira 14 - 16 taun.
kumalanda: kn. ak. duwe sêngguh kaya Wlanda.
kumalancang: kn. ak. lancang bangêt; kc. lancang.
kumalasa: kn. ak. (watu [x]) watu kang alus wrata (dianggo linggihan).
kumalikih: kn. ak. sêngguh, sumangkeyan.
kumalungkung: kn. ak. ambêk luhur (-luwih), pambêkan.
kumalot: kn. ak. kumpul-kumpul, ora nyilêm; kc. kambang.
kumambang: kn. kampul-kampul, ora nyilêm; kc. kambang.
kumampul: kn. kampul-kampul, kumambang.
kumampo: kn. wis mèh matêng (tmr. pêlêm); kc. ampo.
kumanak: kn. kc. kêmanak.
kumanan: kn. ak. komanan.
kumandêl: kn. ak. gêdhe pangandêle, ngandêl bangêt; kc. andêl.
kumandhang: kn. swara tundha (pambaliking swara); ngumandhang: ngêtokake kumandhang (nywara tundha).
kumantil:(-kantil) kn. tansah gumantung, trêsna bangêt marang; kc. kantil, kanthil.
kumancing: kn. ak. tumutup sarana dikancing; kc. kancing.

kumanthil:(-kanthil) kn. kumantil(-kantil).
kumanyangan: kw. ak. kêmayangan.
kumanggang: kn. ak. kêmanggang; kc. panggang.
kumara: kw. 1 bocah, jêjaka; 2 intên; 3 jiwa, roh; kc. kêmara, kumala.
kumaruk: kn. ak. kêmaruk.
kumat: kn. angot lara manèh (ent. angot nglakoni ala).
kumatal: kn. ak. mèh garing ana ing wit; kc. kêmatal.
kumatus: kn. ak: lara watuk gêtih; kc. kêmatus.
kumacèlu: kn. kêpengin (adrêng) bangêt.
kumacêri: kn. ak. cumeri-ceri, ora sênêng bangêt; kc. cêri.
kumawani: n. kamipurun k. ambêk wani, kumandêl.
kumawasis: kn. ak. kumintêr.
kumawas-awas: kn. ak. ambêk awas (sidik).
kumawatir: n. kumawatos k. kuwatir, sumêlang.
kumawawa, kumawawi: kw. ambêk kuwat, ambêk bisa.
kumawi-kawi: kn. ak. duwe ambêk kaya pujangga; kc. kawi.
kumawula: kn. ak. ngabdi marang, rumakêt anggone ngabdi; kc. kawula.
kumawon: k. êngg. bae.
kumawruh: kn. ak. sêngguh dening sugih kawruh.
kumba: (S) kw. 1 jun, klênthing; 2 êndhas; didu [x], di-[x]: didikêprukake[10] êndhas karo êndhas.
kumbah: ut. makumbah kw. tukang masuhi (wêwilanganing wong nistha); di-[x] kn: diwasuh; [x]-an: wasuhan.
kumbaya: I kw. jun, klênthing. II kw: gêmbaya.
kumbakara: (S) kw. ak. kundhi.
kumbala: 1 kw. saèm. jêbêng awangun kêkêmbangan dianggo rêrênggan; 2 ki. ak. jenggot, brêngos.
kumbandha: (S) kw. ak. buta.
kumbang: I êngg. kn. kombang. II angin [x] êngg. Brêbês lsp; angin saka kidul ing mangsa kêtiga.
kumbi: kn. ora gêlêm ngaku (selak nggêgêgi darbèking liyan lsp); dikumbèni: digêgêgi, diaku darbèke dhewe.
kumbu: kn. ar. panganan.
kumbuhan: kn. ak. wis (mèh) mati (tmr. kewan kang dibêdhil, diburu lsp).
kumendho: kn. isih ênom tmr. krambil (nêdhênge diolah kendho).
kumèpèt: kn. ak. isih ênom (tmr. gêdhang).
kumèrèn: kn. ak. kêmèrèn; kc. mèri.
kumeron: kn. ak. kêmeron.
kumewat: êngg. ak. kênès, pambêkan.
kumêbêt: kn. ak. kêbêt-kêbêt (suwiwine); kc. kêbêt.
--- 235 ---
kumêbul ~ kumlebat.
kumêbul: kn. ak. mêtu kêbule; kc. kêbul.
kumêbut: kn. ak. ngêbut-ngêbutake; kc. kêbut.

kumêd: kn. 1 gêmi bangêt, cêthil; 2 ([x] lambe) êngg. pc: amêm, ora sênêng gunêman; 3 ([x] daging) pc. ora bisa lêmu.
kumêdah: k. kumudu; kc. kudu.
kumêdul: kn. ak. mêndul-mêndul (mêmbal-mêmbul).
kumêdut: kn. obah kêdut-kêdut; kc. kêdut.
kumêjut, kumêjot: êngg. kn. kagèt; kc. kêjut, kêjot.
kumêdhèp: kn. kêdhèp matane; [x] kasèp pc: yèn ora enggal-enggalan (kurang prayitna) bakal ora olèh gawe; [x] kaca pc: mêndêlik pamandênge; kc. kêdhèp.
kumêgilan: kn. ak. gila bangêt.
kumêl: êngg. ak. 1 sarèh; 2 wis ngrantang (tmr. jarit lsp); 3 ora sigrak, ora bingar.
kumêlap: kn. 1 katon mak kêlap, gumêbyar; 2 ([x] atine) uwas, sumêlang; kc. kêlap.
kumêlar: kn. ak. ambêk kuwat, sarwa kuwagang; kc. kêlar.
kumêlèp: pc. panas bangêt.
kumêlip: kn. ak. katon kêlip-kêlip; kang [x] br: titah kang urip; kc. kêlip.
kumêlun: kn. mumbul katon gêgulungan (tmr. kêbul lsp); kc. kêlun.
kumêmbêng: kn. ak. 1 ora bisa mili; 2 mênggêng, ora cêtha têgêse; kc. kêmbêng.
kumêmping: kn. lagi wiwit mêntês (tmr. pari, enak-enake diêmping).
kumêmprang: kn. ak. nywara mak kêmprang.
kumêndham: (W) kn. panggêdhening bètèng (saradhadhu).
kumêndhir, kumêndhur: (W) kn. panggêdhe kang ngabani saradhadhu; dikumêndhiri: diabani, dipanggêdhèni (tmr. saradhadhu).
kumêndhung: I (-kêndhung) kn. ak. têtumpukan mundhung-mundhung. II kn. ak: umuk, pambêkan; kc. gêndhung.
kumênom: kn. ak. ambêke kaya wong ênom.
kumênclang, kumênclèng, kumêncling, kumêncrang, kumêncrèng, kumêncring: kn. nywara (muni) mak kênclang(-kênclèng, -kêncling, kêncrang, -kêncrèng, kêncring).
kumênthus: kn. ak. umuk, gumêdhe, kumêndêl lsp); kc. kênthus.
kumênyal: kn. ak. mêndat mak kênyal.
kumênyar: kw. sumorot; kc. kênyar.
kumênyus: kn. ak. tumancêb jêro; kc. kênyus.
kumênyut: kn. ([x] atine) krasa kêkênan atine; kc. kênyut.
kumêpyar: kn. krasa sêgêr kêpenak (mari ngantuk, marga ngombe wedang bubuk panas lsp); kc. kêpyar.
kumêpyur: kn. 1 kêpyur-kêpyur; 2 ([x] atine) ak. sumêlang, trataban; kc. kêpyur.
kumêpyur pulut: kn. ak. rakêt bangêt (ora tau pisah).
kumêplak: kn. ak. nywara mak kêplak; kc. kêplak.
kumêpruk: kn. nywara mak kêpruk; kc. kêpruk.
kumêrab: kw. katon uyêk-uyêkan akèh bangêt.
kumêrak: kn. ak. garing bangêt; kc. kêrak.
kumêrud, kumêrug: kn. ak. gumrudug akèh bangêt.

kumêruk buntut: kn. isih ênom bangêt (tmr. dêgan).
kumêsar: kn. ak. sar-saran atine (kuwatir); kc. kêsar.
kumêtèp: kn. krasa panas bangêt ut. pêdhês bangêt.
kumêtir: kn. 1 wong kang dikuwasakake mriksa lsp; 2 lêlurahing mandhor.
kumêcap: kn. gunêman; kc. kêcap.
kumêcêr: kn. kêpengin bangêt (nganti idune mêtu); kc. kêcêr.
kumêcit: kn. ak. nywara, nyabawa.
kumêcus: kn. ak. kumintêr; kc. pêcus.
kumêthak: pc. gumêdhe bangêt, ngêdir-êdirake.
kumêthip: kang [x] br: titah kang urip; kc. kumêlip, kêthip.
kumidhi: (W) kn. tontonan mitongtonake ulah kaprigêlan, kewan-kewan lsp; [x] sêtambul: tontonan saèm. sandiwara (tonil) ngango basa Mlayu.
kumilat-kilat: kw. gumêbyar kaya kilat; kc. kilat.
kumini: I kn. kumintêr (tmr. bocah wadon). II [x] suci kn: roti tanpa ragi kang wis disucèkake (RK).
kumintêr: kn. ambêk pintêr; kc. pintêr.
kumingsun: kw. gumêdhe, umuk.
kumis: êngg. ak. brêngos; kc. komis.
kumisaris: (W) kn. 1 juru nupiksa (tmr. pakumpulan); 2 panggêdhe pulisi.
kumisèn: kn. (pa-)nitipriksa; [x] worêng: mriksa rêsiking omah; kc. kumisi.
kumisi: (W) kn. 1 panitipriksa, nitipriksa, kang pinatah nitipriksa; 2 (jual [x]) pc: ngêdolake barang daganganing liyan; 3 pc. ujuran ênggone ngêdolake baranging liyan; di-[x], dikumisèni: 1 dititipriksa, dipriksa, 2 pc. diêdolake sarana kumisi.
kumitir: kn. 1 kumlèbèt gêtêr (gêndera kanginan lsp); 2 ([x] atine) ak. kêtir-kêtir atine, kuwatir; kc. kitir.
kumyus: kn. ak. gumrobyos (tmr. kringêt), ndlêdêg (tmr. gêtih lsp).
kumkuman: kn. kang diêkum(-i); kc. kum, kungkum.
kumlabèt: kn. ak. kumlèbèt.
kumlamar: kn. ak. ora katon cêtha; kc. sumamar.
kumlambi: kn. ak. grimis kang wis kêrêp.
kumlanda: kn. pambêkane kaya Wlanda.
kumlancang: kn. ak. lancang bangêt.
kumlancur: kn. lagi wiwit mêtu lancure (tmr. jago).
kumlare: k. gumocah (kaya bocah).
kumlasa: kn. ak. kc. kumalasa.
kumlathak: êngg. pc. atos bangêt; kc. klathak.
kumlawe: kn. obah mak klawe (tangane); kc. awe, klawe.
kumlawèr: kn. dawa nglawèr; kc. klawèr.
kumlebat: pc. katon mak klebat.
--- 236 ---
kumlèbèt ~ kumrêbêt.
kumlèbèt: kn. klèbèt-klèbèt (tmr. gêndera lsp).

kumlèmbar: pc. katon sumèlèh ing.
kumlènthèng: pc. nywara sêru cêtha (tmr. wong wadon); kc. klènthèng.
kumlewa: kn. ak. katon ewa (klewa-klewa).
kumlewah: kn. ak. (tatu, kêtaton) amba kaya sigar.
kumlèwèr: kn. ak. gumantung dawa; kc. klèwèr.
kumlêkêrên: kn. ak. kêmlêkêrên.
kumlêndhang: kn. ak. kumlêndhêng; kc. klêndhêng.
kumlêndhêng: kn. katon nggêmbulêng (tmr. kêbul lsp): ora ana [x] ak: ora ana bênène (ora katon apa-apa).
kumlênis: pc. kumlêthis.
kumlênyêr: pc. krasa klênyêr-klênyêr.
kumlêthak: pc. nglêthak; kc. klêthak.
kumlêthik, kumlêthis: kn. gêtas rênyah (tmr. panganan lsp); kc. klêthik, klêthis.
kumliya: kn. ora sumanak; kc. liya.
kumlikih: kw. umuk, gumêdhe.
kumlikik: (-ên) kn. nywara klikik-klikik wêtênge (marga ngêlih lsp).
kumlimpad: kn. ak. ambêk pintêr (ambêk luwih); kc. limpad.
kumlinthing: kn. nywara mak klinthing.
kumlingking: kn. ak. garing bangêt.
kumlithik: I kn. nywara klithik-klithik. II êngg. tansah thik-thikan.
kumliwêr: kn. ak. katon sadhela; kc. kliwêr.
kumluhung, kumluwung: kw. luwung, angur; kc. luhung.
kumlunthu, kumlunthus: kn. ak. kumintêr, kumênthus.
kumlunthung: kn. 1 ak. nglunthung; 2 pc. sarèh, kêndho (tmr. hawa napsu lsp); kc. klunthung.
kumlungkung: kn. kc. kumalungkung.
kumluwih: kn. ak. ambêk luwih tinimbang sapêpadhane.
kumud: kn. santên kanil; [x]-[x] pc. klumud, rêgêd.
kumuda: 1 kw. kêmbang tunjung (putih); 2 kn. ak: godhong kêmladheyan (yèn arêp digawe têtamba).
kumukus: kn. 1 mêtu kukuse; 2 ar. bumbon crakèn; 3 ar. lintang.
kumupak: kw. gumludhug.
kumur-kumur: kn. ak. (ajur [x]) ajur mumur (nganti lêmbut bangêt).
kumurêb: kn. ak. mêngkurêb; kc. kurêb.
kumutug: kn. murub lan kumêlun (tmr. mênyan lsp); kc. kutug.
kumucing: pc. sulak (kêbut wulu).
kumucup: kw. nêmpuh, nrajang.
kumucur: kn. ak. mancur; kc. kucur.
kumuwat-kuwat: n. kumiyat-kiyat k. ak. tindak-tanduke kaya wong rosa (kuwat).
kumotos: kn. ak. tètès, kotos-kotos.
kumocab: br. kocak (tmr. sêgara, alun); kc. kocak.
kumocor: kn. mili banjur tètès (tmr. idu lsp) kc. kumêcêr.
kumpa: pc. pompa.
kumpe: êngg. kn. (wedang [x]) wedang tèh komboran.

kumpêni: kn. 1 V.O.C. (Verenigde Oost-indische Commpagnie) yaiku pakumpulan dagang ing nêgara Wlanda jaman biyèn kang nancêb pangawasa ing Indhiya kene; 2 saradhadhu; mlêbu [x]: dadi saradhadhu; [x] cilik ak: Ned. Handelmiy.

kumplang-kumplang: êngg. kn. kêbak banyu; kc. komplang.

kumplit: pc. komplit.

kumplitan: kn. ak. rombakan pranatan bab sawah lungguh(-gadhuhan).

kumpul: n. kêmpal k. tunggal dadi siji (ora pisah-pisah); ngumpul: nglumpuk, nunggal dadi siji; di-[x]-i pc. dirakêti ênggone sêsrawungan; di-[x]-ake: diklumpukake, didadèkake siji; [x]-an pc: 1 kêklumpukan sarasehan lsp; 2 pirukunan; kc. pakumpulan.

kumpra: êngg. ak. (wong [x]) wong asor.

kumpris: pc. anak kang bakal nggêntèni pangkating bapa.

kumprung: kn. ak. bodho bangêt.

kumrayap: kn. ak. katon uyêk-uyêkan akèh bangêt; kc. rayap.

kumrakêt: kn. ak. rakêt bangêt (pamitrane, sumanak); kc. krakêt.

kumram: kw. 1 sumilak padhang; 2 têrang bangêt, sumorot.

kumrambut: kn. wis mèh kênthêl (tmr. glali, kilang digodhog); kc. rambut.

kumramyas: kn. ak. kumranyas.

kumranyas: kn. krasa mak kranyas (pêdhês, panas).

kumrangga: kn. wis mèh umob (tmr. lênga).

kumrangsang: kn. 1 nywara ngarêpake umob (tmr. wedang lsp); 2 ak. nggrangsang bangêt); kc. grangsang, krangsang.

kumrapak: kn. garing ngrapak. kc. rapak.

kumrapyak: pc. nywara krapyak-krapyak (ilining banyu lsp).

kumrasak: kn. 1 nywara krasak-krasak (ilining banyu, tibaning udan lsp); 2 nywara krêsêk-krêsêk (godhong garing lsp); kc. krasak.

kumratu-ratu: kn. ak. nggugu karêpe dhewe (kaya ratu, umur-umuraning bocah ± 4 taun).

kumracak: kn. ak. nywara kracak-kracak (tibaning banyu mancur lsp).

kumrawak: kn. gumrojog (grojogan lsp).

kumrawan-prawan: kn. ak. ambêke kaya isih prawan tulèn.

kumrèncèng: kn. nywara cèng-cèng.

kumrèngkang, kumringkang: kn. ak. gumregah tangi; kc. krèngkang.

kumrèsèk: kn. nywara krèsèk-krèsèk (godhong garing lsp).

kumrèwèk: pc. tansah crèwèt.

kumrêbêt, kumrêbut: kn. ak. 1 nywara krêbêt-krêbêt; 2 laku bangêt (tmr. bakulan, dêdagangan); kc. krêbêt, kumrubut.

--- 237 ---

kumrêkês ~ Kunut

kumrêkês: kn. ak. tumama mak krês (lading kang landhêp lsp); kc. krêkês.

kumrêkêt: kn. ak. nggêgêt alon-alonan; kc. krêkêt.

kumrêmês, kumrêmus: kn. ak: êmpuk gêtas mamah-mamahane; kc. krêmês.

kumrênyês: kn. ak. rêmuk.
kumrêngsêng: kn. nywara krêngsêng-krêngsêng ngarêpake umob)tmr. wedang); kc. krêngsêng.
kumrêpês: kn. êmpuk kapês-kapês mamahane lsp.
kumrêsêk: kn. ak. 1 ak. nywara krêsêk-krêsêk; 2 rame ênggone gunêman.
kumrêtêk: kn. ak. nywara krêtêk-krêtêk (wot pring lsp).
kumrêcêk: pc. rame bangêt ênggone omong.
kumriyak: kn. ak. kriyak-kriyak mamah-mamahane.
kumriyêg: kn. ak. katon uyêk-uyêkan akèh bangêt.
kumriyêk: kn. ak. rêmuk; kc. kriyêk.
kumrincing: kn. nywara krincing-krincing.
kumrinyis: pc. nywara krinyis-krinyis (iwak digorèng lsp).
kumringêt: kn. mêtu kringête.
kumringsing: pc. garing bangêt.
kumripik: kn. êmpuk gêtas mamah-mamahane.
kumrisik: kn. 1 nywara krisik-krisik; 2 ak. sigrak, ora lêmês (tmr.pawakan).
kumritig: pc. êlur (irit-iritan) akèh bangêt; kc. kritig.
kumricik: kn. nywara kricik-kricik.
kumriwik: kn. mili sarta nywara (kalènan lsp); kc. kriwik.
--- 238 ---
kunta ~ kurban.
kunta: kn. ak. bngs. tumbak cêndhak (ditlorongake).
kuntan: pc. kontan.
(kuntêk): di-[x] êngg. kn. disuntak.
kuntên: êngg. k. kuli.
kuntul: kn. ar. manuk bngs. blêkok; kc. kontul.
kunca: kn. klèmbrèhing pojoking dodot.
(kuncang): di-[x] kw. dibuncang, dibabitake.
kuncara: kw. misuwur bangêt (katon luhur).
kuncèh: êngg. kn. pipa dawa (Cina).
kunci: I kn. ar. êmpon-êmpon. II kn: 1 êngg. pc. sosi, sogok; 2 gêmbok; di-[x]: dikancing, digêmbok.
kuncir, kuncit: êngg. kn. kucir.
kuncung: kn. 1 rambut (saèm. jambul) ing dhuwur bathuk; 2 ak. isih nganggo kuncung (tmr. bocah cilik); 3 pojoking ikêt kang nyongat ing sadhuwuring bathuk; 4 omah cilik sangarêping pêndhapa; wiwit [x] nganti gêlung pc: wiwit cilik nganti gêdhe; ngunjung, [x]-an: nganggo kuncung; di-[x]-i: 1 didokoki kuncung; 2 pc. wis mati.
kuncuk: (kunclup êngg) kn. 1 durung mêgar (tmr. kêmbang); 2 êngg. kudhup; [x]-ing asta br: tangkêbing tangan (nalikane nyêmbah).
kunthara: kw. 1 pratingkah, reka, kalakuan; 2 ar. windu kang kapindho.
kunthèt: êngg. kn. kunthing.
kunthing: kn. orabisa mundhak gêdhe (tansah cilik bae).
kunthiwiri: êngg. kn. tansah bali bae, wira-wiri.

kunyik: êngg. kn. unyik: kunyikan pc: olèh (dadi, tiba) unyik.
kunyit: êngg. kn. kunir.
kunyuk: êngg. kn. munyuk.
kunyur-kunyur: pc. katon êmpuk bangêt (tmr. iwak daging).
kung: I kw. 1 sêdhih; 2 kêsêngsêm, kedanan, trêsna. II pc: pêpindhan swaraning pêrkutut.
kungas: kc. kongas.
kungkang: kn. ak. kodhok gêdhe.
kungkulan: kn. diungkuli (ora kêjarag), kalah unggul; kc. ungkul.
kungkum: kn. (adus, linggih lsp) ana ing sajroning banyu.
(kungkung): di-[x] kn. dikurung ora olèh lunga-lunga, diêlud (tmr. dolanan bengkat lsp).
kupa: (S) kw. sumur, sumbêr, bêlik.
kupang: 1 êngg. 4 dhuwit (± 3½ sèn); 2 kw. 100.
kupat: kn. sêga dibuntêl ing janur nam-naman diwangun pêsagi, maju têlu lsp; [x] luwar: bêras kuning dibuntêl janur kaya kupat yèn didudut udhar (dianggo srana ngluwari ujar).
kupêng: kn. 1 (sa-[x]-e) ak. sakubênge; 2 (dirubung lsp) awangun kalangan têpung (kaya dikêpung); 3 pucuke mèh têpung (tmr. wanguning sungu); di-[x](-i): dikubêngi, dikêpung.
kupêr: êngg. kn. cilik mblungkêr (tmr. kuping); [x]-an ak: tanpa suwêng ut. tanpa uwêr (tmr. kuping).
kupi: I kn. ak. bngs. gêndul gêdhe awangun pêsagi (wadhah jênèwêr). II (ut. kupiya) kn: layang ngèngrèngan karangan lsp. kang dianggo têdhakan (arêp dicap lsp).
kupiya: kn. 1 kupi; 2 conto, tuladha; 3 ak. têdhakan, turunan; 4 lêlakon kang wis dialami (dianggo tuladha lsp).
kupik: kw. ak. kêplok.
kupina: (S) kw. cawêt, kathok.
kuping: kn. talingan ki: pirantining pancadriya kang dianggo ngrungokake; sipat [x]: (mlayu) bantêr bangêt; [x] budhêg dikoroki pc: wis ora krungu (êmoh ngrungokake) mêksa dirungoni; [x]-an: wêsi kolongan ing kiwa têngêning wajan, pêthi lsp. (dianggo cêkêlan).
kupyah: kn. bngs. kêthu.
kupluk: I êngg. kn. kupyah. II di-[x] êngg, kn: diongklok lan dicarub.
kupu: kn: ar.kewan ibêr-ibêran asal saka ênthunging ulêr; [x] tarung: lawang kang inêbe loro (tangkêban).
kupur: I êngg. kn. pupug, papak. II kn. ak: (wong [x]) wong kang ora pracaya ing Allah; kc. kapir.
kupon: I kn. têtiron (gambaran lsp) kupu. II kn: girik (layang) kang mawa pangaji (kêna diijolake barang lsp).
kur: I êngg. kn. mung. II pc: sabawa ngundang pitik; di-[x]-[x]-i pc: diundang sarana muni kur-kur (tmr. pitik).
kura: kn. bngs. bulus gêdhe.
kurah: kn. ak. kêmu ngrêsiki gorokan; di-[x](-i) êngg. ak: dikuras(-i); kc. gurah, kuras.
kurakah: kw. jagal.

kur'an: (A) kn. Kitab Suci pêpakêming agama Islam.
(kuranti): dikurantèni kw. dicandhêt, dipênggak.
kurantil: kn. ar. wuku kang kaping pat.
kurang: n. kirang k. 1 isih kêsêthithikên, durung cukup(-ganêp); 2 pc. ora (-pati), up. [x] pantês; 3 isih durung tumêka ing papan (waktu) kang ditêmtokake, up. [x] 5 dina, [x] 5 pal; 4 ([x] saka) luwih sathithik tinimbang karo; 5 pc. suda; [x] ajar ([x] sogok êngg); ora ngêrti tata-krama, cênthula; [x] têrang: 1 ora pati têrang (samar); 2 (kirang priksa êngg. pc. k) êmbuh; [x]-[x] (bêgjane lsp) pc: mênawa ora bêgja mêshi ...; di-[x]-i: disuda; ngêngurangi: nyuda saka sathithik (pasa, nyênyirik lsp) kc. kêkurangan.
kurap: êngg. kn. kadhas.
(kuras): di-[x] kn. 1 dirêsiki sarana disêntor ut. digojagi ing banyu (tmr. wadhah, kulah lsp); 2 pc. disat, diêntèkake kabèh (dhuwit lsp); kc. koras.
kurasi: kn. ar. bakal warnane abang (kuning) kêkêmbangan.
kurban: (A) kn. 1 apa-apa kang diunjukake marang Allah minangka tandhaning sungkêm lan angakoni kuwasaning Allah; 2 ent. bêbantên; di-[x]-ake: diunjukake [diun...]
--- 239 ---
[...jukake] ing Allah kanggo kurban (uga ent).
kurda ~ kucapah.
kurda, kurdaka: kw. nêpsu bangêt.
kurès: I êngg. pc. 1 dicukur isih durung rêsik; 2 kc. kuris. II (A) kn. ak: ar. bangsa ing tanah Arab.
kurêb: kn. perangan kang lêgok ut. kang dumunung ingisor (tmr. wadhah lsp. kang disèlèhake) kb. lumah: sa-[x]-ing langit br: kabèh kang tinutupan ing langit (jagat); di-[x]-i: dirungkêpi, diantêpi bangêt; di-[x]-ake: disèlèhake lumahe kang dhuwur didokok ingisor; kc. mangkurêb.
kurên: I êngg. kn. 1 kw. jodho; 2 wong lanang kang wis diwasa (ut. wis duwe bojo); ma-[x] kw: jêjodhoan, sanggama. II di-[x] êngg. kn: disuguh.
(kurih): di-[x] êngg. kn. diusap(-i), dilapi.
kurimên: êngg. kn. lêlaranên bae (tmr. pitik).
(kuris): I di-[x]-i êngg. kn. dicukur (dikêrik nalikane dipaèsi). II nguris kn. ak: kêwirangan, kasoran.
kurma: I (S) kw. bulus gêdhe. II kn: ar. wit sarta woh bngs. palêm (kang akèh ing tanah Arab).
kurmat: (A) kn. urmat: di-[x]-i: diurmati; kc. urmat.
kuru: n. kêra k. sathithik daginge, kb. lêmu.
kurug: kw. kêre, tamèng dhadha.
kurulut, kuruwêlut: kn. ar. wuku kang kaping 17.
kurung: I kn. 1 ak. apa-apa kang ginawe magêri (ngrudhungi) supaya brukut; 2 ar. têtêngêr ing tulis: (...); damar [x] ak: ting, lêntera; klambi [x]: klambi ing ngarêp tanpa bêdhahan; ma [x] [...];[11] sawan [x]: ar. lêlaraning bocah cilik; wringin [x]: wringin kang dipagêri mubêng (ing

têngahing alun-alun); di-[x]: 1 kn. didokoki têtêngêr kurung; 2 (n. dipunsêngkêr k) dipagêri mubêng, dilêbokake ing kurungan; 3 pc. dipiyara ora olèh lunga-lunga (tmr. tlèdhèk lsp); [x]-an n. sêngkêran k: 1 piranti dianggo ngurung manuk (pitik lsp); 2 kang dikurung, kb. umbaran. II êngg. kn: lunga mênyang panggonan liya buruh dêrêp (tmr. wong wadon); [x] munggah lumbung pr: batur dipèk bojo.
kurup: I pc. sumbut, timbang karo kangèlane; kc. urup, korup. II (A) kn. ak: 1 aksara Arab; 2 aksara petungan taun (ing pananggalan).
kursèn: kn. padha linggih ing kursi.
kursi: kn. piranti dianggo linggih (mawa lendhehan).
kursus: (W) kn. 1 wulangan; 2 pc. layang katêrangan tamat sêkolah; 3 pc. tamat sêkolah.
kursut: kn. kayu palangan dianggo nggaris kayu lsp. (piranti tukang kayu).
kusa: I (S) kw. ak. (ar) sukêt. II di-[x] kw. ak: 1 ditarik, digosok; 2 dirangkul; 3 diambung.
kusala: kw. 1 bêcik, utama; 2 pintêr; 3 waras, slamêt.
kusan: êngg. kn. kukusan.
kusi: êngg. kn. rêgêd mbêsisik.
kusik: I ut. a-[x]-an kw: ora jênjêm, ora tata. II kn. ak: lading cilik nyanthuk kanggo mbolong wrangka.
kusika: kw. kulit.
kusir: (W) I kn. tukang nglakokake kreta; di-[x]-i: dilisi (tmr. jaran rakitan ing kreta) II êngg. kn: kucir.
kusuk: I (A) kn. ak. kêncêng bangêt ênggone nglakoni agama (piandêle) tmr. Islam. II di-[x]-i êngg. kn: dikosoki.
kusuma: (S) kw. 1 kêmbang; 2 ent. endah bangêt (putri); 3 trah luhur.
kusumawicitra: (S) kw. (kêmbang warna-warna) ar. têmbang gêdhe.
kusung-kusung: kn. kalawan rêrikatan sarta sajak wigati bangêt (gita bangêt).
kusur: tanpa [x] kn. ak. tanpa pangrêmbug(-pikiran, -dunung).
kusus: (A) kn. ak. 1 wis rampung, wis ditêtêpake (dianggêp bênêr); 2 mligi, mung tumrap prakara sawiji (ora umum); di-[x]-ake ak: dimligèkake.
kusut: (kusud ak) kn. ak. 1 surêm, katon sêdhih; 2 ruwêd; 3 isin, suda kaluhurane; ngusut ak: 1 diwirangake; 2 diruwêdake.
kusta: (S) kw. lara budhug.
kustim: êngg. k. panganggo dhinês.
(kuswa): di-[x] kw: diambung.
kutah: êngg. kn. mawut, wutah.
kutang: kn. ak. kotang.
kutbah: (A) kn. sêsorah (mulang ana ing mêsjid lsp).
kutil: I kn. bngs. kukul mlênthing; [x]-ên: nandhang lara kutil. II di-[x] êngg. kn: diutil (ing bajingan).
kutis: I êngg. kn. 1 ar. kewan bngs. kuwawung irêng; 2 ks. palanyahan. II kn: githok jaran, suri jaran.
kutkutan: êngg. kn. kêsusu ênggone arêp mangan lsp.

kutu: I [x]-[x] (wong) walang ataga kw: sakèhing titah (kewan) kabèh. II kn. ar. têtuwuhan godhonge enak dikêla.
kutub: (A) kn. ak. 1 pul (pungkasane indhênging jagat); 2 luhur (suci) bangêt.
kutuba: (A) kn. ak. para kêtib.
kutub janubi: (A) kn. ak. pul kidul.
kutub syamali: (A) kn. ak. pul lor.
kutug: kn. 1 dupa (ratus ut. mênyan kang diobong); 2 (ut. kêkutug) ngobong dupa; di-[x]-i: dikêbuli ing dupa.
kutuk: kn. ar. iwak loh; [x] marani sunduk pr: nêmaha marani bêbaya; [x] nggendhong kêmiri pr: nyandhang mrabot lêlungan ngambah dalan kang gawat.
kutut: pc. pêrkutut.
kucah: ut. kêkucah, [x]-an kn. 1 êngg. ak. turahaning pangan lsp. kang wis dipangan; 2 br. sih pêparing, pawèwèh.
kucai: (C) kn. bngs. brambang.
kucapah: pating [x] kn. ak. katon padha mêmpêng ênggone mangan.
--- 240 ---
(kucêk) ~ kuwasa.
(kucêk): di-[x] êngg. kn. diucêk.
kucêm: kn. tanpa cahya (ora sumringah), pucêt (dening kêwirangan); di-[x]-ake ak: diwirangake, dikusutake.
kucing: I kn. ar. kewan klêbu bngs. macan (sok diingu); pis [x], [x]-an: ar. têtuwuhan; ngucing pc: (kaya kucing) melik bangêt marang. II pc: pêndhukuling daging ing lêngên (marga diantêm lsp); di-[x] pc: dipijêt lsp. supaya mêtu kucinge.
kucir: kn. rambut kang diturahake njênthar mêmburi; di-[x]-i: ditrapi kucir.
kucira: kw. kuciwa; ngucira kw: nguciwani (kalah, mlayu saka ing paprangan).
kuciwa: kn. ak. 1 kalah, rada asor (têtimbangane); 2 cacad, ana cacade; 3 kurang saka sapantêse; nguciwani: njalari kuciwa (ora pantês).
kucu: kn. ak. 1 pêncu (ing gong, tutup teko lsp); 2 cucukan ing kayu, klasa lsp; 3 gêgêman tangan kang drijine panunggul ditêkuk munggul; dikuconi: 1 ak. didokoki kucu (pêncu); 2 dikumbah (diucêk-ucêk) mung ing papan kang rêgêd (tmr. jarit, kacu lsp).
kucumbi: kw. bojo (somah); kc. kuthumbi.
kucur: I êngg. kn. banyu kang mancur (saka ing pancuran lsp); kêkucur ak: raup (adus lsp) ing pancuran; kc. kumucur. II kn: 1 ak. talènan ing pucuk ut. bontoting ulês mayit lsp; 2 ar. panganan kang digawe glêpung bêras.
kutha: I n. kitha k. 1 ak. pagêr bata mubêng, bètèng; 2 nêgara (gêgrombolaning pakampungan, kb. desa); kêkutha ak: bêbètèng, gawe nêgara; dikuthani ak: dibètèngi, didêgi kutha. II kw: makutha.
kuthagara: kw. gapura, regol.
kuthah: ut. kêkuthah kn. ak. rêgêd gupak (gubras).

kuthaka: (S) kw. ak. tlethong, sêsukêr.
kuthamara: êngg. kn. bngs. sajèn ing papan kang kramat (saka panjênênganing ratu).
kuthara: (S) kw. ak. wadung, kampak.
kuthasaksi: kw. 1 sakwi palsu; 2 asèndhèn paturaning saksi.
kuthawara: (S) kw. ak. kutha gêdhe.
kuthèh: êngg. kn. rêgêd gupak (gubras); kc. kuthah.
kuthèt: êngg. kn. kunthing; kc. kunthèt.
kuthila: (S) kw. 1 ak. wungkuk, kengkong; 2 ora barès, julig.
kuthilang: kn. ar. manuk.
kuthilêm: kw. ak. ora barès, julik; kc. kuthila.
kuthip: kw. nistha bangêt.
kuthu-baru: kn. tangkêbing klambi ing dhadha nganggo bênik.
(kuthuh): nguthuh pc. mblubut, ora idhêp isin.
kuthuk: I kn. pitik cilik; kc. nguthuk. II êngg. pc. 1 tutut, ora giras; 2 bêcik bêbudène; 3 tansah ana ing omah (ora sênêng lunga). III êngg. kn: takêran bêras.
kuthumbi: kw. 1 bojo (laki); 2 (ut. kuthumbini) bojo (somah).
kuthung: kn. ak. 1 pruthul, bujêl, tanpa tangan; 2 ent. bodho, kurang kawruh; klambi [x]-an: klambi lêngênane cêndhak; kc. kathung, kothung.
kuthong: êngg. kn. kothong.
kuwadean: kn. bêbakulan jarit lsp; kc. wade.
kuwadonan: n. kawèstrèn k. badhong ki: pawadonan.
kuwajiban: kn. prakara kang kudu dilakoni; kc. wajib.
kuwadhe: êngg. kn. palinggihaning pangantèn kang ditêmokake.
kuwaga: kn. cêndhak sêmu bengkong (tmr. tangan).
kuwagang: kn. ak. kêlar, kêconggah.
kuwah: êngg. kn. jangan.
kuwaha: (S) kw. ak. palanyahan.
kuwahyon: kn. ak. olèh wahyu.
kuwaya: I kn. banyu pêru (ing wêtêng). II dikuwayani kn. ak: dikawekani.
kuwayangan: kn. ak. (kalingan-)wêwayangan; kc. wayang.
kuwayon: kn. ak. kêsuwèn; kc. wayu.
kuwaka: (S) kw. wong ala.
kuwal: kn. peranganing kayu antaraning galih karu[12] kulit.
kuwaleyan, kuwalèn, kuwalian: kn. ak. jaman (ut. turuning) para wali.
kuwalèn: êngg. kn. kuwali.
kuwalêdan: kn. ak. kêtandhêgan pambayaran (nunggak akèh); kc. walêd.
kuwali: kn. ak. wadhah dianggo nggêgodhog, kêlan lsp.
kuwalik: n. kuwangsul k. kang ing dhuwur (ingarêp) kliru ana ing isor (ing buri); kc. walik.
kuwalon: kn. (anak [x], bapa [x] lsp) dudu anak, bapakne lsp. dhewe.
kuwanda: kw. awak, bangke.
kuwanèn: n. kapurunan k. kakêndêlan; kc. wani.

kuwangan: ora [x] pc. ora duwe dhuwit; kc. wang.
kuwangkungên: kn. krasa bosên (gêla) dening kêsuwèn nganggur (kijènên).
kuwanguran: kn. ak. konangan.
kuwangsul: k. 1 kuwalik; 2 êngg. kuwali.
kuwangwung: kn. bngs. ampal (ama krambil).
kuwaos: k. kuwasa.
kuwara: kw. misuwur, kawruhan ing akèh.
kuwarasan: n. kasarasan k. kaananing awak kang waras; kc. waras.
kuwarêgên: n. kêtuwukên k: pc. warêg bangêt.
kuwarisan: kn. ak. tansah sarwa kêbênêran (bêgja); kc. waris.
kuwas: kn. 1 bngs. sikat dianggo ngêcèt, nyungging lsp; 2 jêmbul rêrênggan; 3 ar. ombèn-ombèn (nganggo banyu jêruk).
kuwasa: kn. (kuwaos k): 1 ak. kadunungan [kadu...]
--- 241 ---
[...nungan] kakuwatan (karosan, kasêktèn lsp) kang linuwih; 2 pc. kêlar, kuwat; 3 panguwasa; 4 duwe wênang mungguh ing ...; 5 kang diwênangake (dipitaya) ngurus padagangan lsp; dikuwasani: diwêngku (dirèh lsp) dening; dikuwasakake: 1 diwènèhi wêwênang mungguhing...; 2 dipasrahake marang.
kuwat ~ kojud.
kuwat: n. kiyat (kuwawi ak) k. 1 kêlas, kêconggah, kuwagang; 2 rosa; 3 êngg. bisa tahan, awèt; 4 duwe kadayan (karosan) bisa nindakake; 5 êngg. pc. sêntosa, kukuh; di-[x]-i n. dipunkiyati, dipunkuwawèni k: 1 disêntosani; 2 disangga sakabutuhane, dipitulungi pambayare lsp; di-[x]-[x]-ake: diudi ing sabisa-bisane supaya bisa kuwat (tahan); kc. kakuwatan.
kuwatir: n. kuwatos k. sumêlang ut. wêdi (dening nggagas kacilakan kang bakal kêlakon); di-[x]-i(-ake): disumêlangi(-ake).
kuwawa: I kw. kuwat, kêlar. II êngg. kn: ulu-ulu (kang pinasrahan mranata banyu); kc. tuwawa.
kuwawi: k. kuwat, kuwawa.
kuwewung: êngg. kn. kuwangwung.
kuwe: n. punika k. pc. iku.
kuwènên: êngg. kn. lara kuku.
kuwèni: kn. bngs. pêlêm.
(kuwêk): di-[x](-i) kn. dicublêsi nganggo kuku, dikruwêki.
kuwêl: kn. 1 ak. gêlut, ulêt-ulêtan; 2 (sa-[x]) sacêmolan tmr. têmbako; kc. uwêl, kruwêl.
kuwêlèh: kn. 1 konangan ênggone goroh lsp; 2 êngg. bosên, jêlèh; kc. walèh, wêlèh.
kuwên: êngg. pc. kuwe.
kuwi: n. punika k. pc. iku.
kuwih: kn. ar. panganan (ana warna-warna).
(kuwik): di-[x] êngg. pc. dicuwik, diuwik(-uwik).
(kuwil): di-[x] pc. diobahake drijine (nalikane cewok).

kuwiran: êngg. kn. pari dêrêpan kang dadi pandumane kang duwe sawah, kb. bawon.
kuwirangan: pc. kêwirangan.
kuwu: I kêkuwu kw. manggon ing, mêsanggrahan; kc. pakuwon. II êngg. kn. 1 lurah desa; 2 gêbayan.
kuwuk: kn. 1 bngs. kucing alasan; 2 bngs. kece gêdhe; di-[x]: diêlus sarana digosok ing kuwuk (tmr. kuluk, jarit lsp).
kuwung: I kn. 1 jêgong mlêngkung (kaya wanguning wajan lsp); 2 êngg. glodhog ut. bolongan (pasangan glathik lsp). II kn: 1 (ut. [x]-[x]) êngg. kluwung; 2 (ut. kêkuwung) ak. teja sorot; nguwung, ngênguwung ak: sumorot, mawa sorot. III kw: manuk mêrak.
kuwur: kn. bingung ut. gorèh.
kuwut: kn. ar. têtuwuhan.
kuwong, kuwwang: kw. manuk mêrak.
kuwowogên: êngg. ak. jêlèh marga wis kakèhan bangêt.
ko-: n. 1 êngg. kowe; 2 atêr-atêr madyama purusa, up. ko-gawa.
koak-kaèk: pc. bêngak-bêngok.
kobak: I êngg. kn. misuwur. II êngg. kn. lobak.
kobar:(-an) êngg. kn. kobong(-an): kc. obar.
kobèk-kobèk, kobik-kobik: êngg. pc. tansah ngrêkasa (kêkurangan lsp).
kobèt: kn. ora rupak, ora sêsak (isih lowah ut. jêmbar), isih turah papan (uga ent).
kobêd: kn. kodhêng, judhêg.
kobêng: kn. ak. 1 mumêt; 2 kodhêng, judhêg; kc. ubêng.
kobêr: I kn. duwe wêktu dianggo nênindakake; di-[x]-ake: dikaurake, dipêrlokake. II bêras [x] ak: saèm. bêras wuluh (ora bisa putih).
kobis: kn. ar. sayuran.
koblok: êngg. kn. goblog.
kobok: ut. kêkobok kn. ak. nyêmplungake sikil (tangan) ing banyu diobah-obahake; di-[x]-ake: dicêmplungake ing banyu (wadhah isi banyu, tmr. tangan, sikil); [x]-an: 1 manci lsp. kang dianggo wisuhan; 2 banyu kang dikoboki.
kobol-kobol: êngg. pc. kalah akèh bangêt, kelangan dhuwit akèh.
kobong: I n. kêbêsmi k. 1 (rusak dening) kêtaman urubing gêni; 2 (ut. [x] atine) pc. manasi bangêt (tmr. ngabotohan), muring bangêt dening diwaduli lsp; [x]-an n. kêbêsmèn k: nandhang kapitunan dening omahe kobong; kc. obong. II êngg. [x]-an kn: 1 êngg. sênthong; 2 ak. sênthong têngah.
kobot: êngg. kn. klobot.
kobra: I kn. ak. sumêbar kawruhan ing akèh; 2 ora dadi, tanpa kawusanan; dikobrakake ak: 1 dikandhakake mrana-mrana; 2 diwurungake. II kiyamat [x] (A) kn. ak: kiyamat gêdhe; kc. kiyamat.
kodag: ora [x] êngg. ora bisa.
kodal: kn. bisa kontal; ora [x] pc: ora tumama (ora ndayani apa-apa), panggah bae.
kodanan: n. kêjawahan k. kêna ing udan.

kodo: êngg. kn. 1 rada lamur; 2 durung ngêrti tata-krama; 3 bodho; 4 ora sabaran. gampang nêpsune.
kodrat: (A) kn. 1 ak. panguwasa karsaning Allah; 2 ak. dhasar (ing watak lsp); 3 alam saisine lan sakaanane; di-[x] ak: ditakdirake, dipêsthèkake ing karsaning Allah.
koja: kn. sudagar bangsa Indhu ut. Mur; mênthung [x] kêna sêmbagine pr: rumangsane ngapusi nanging sajatine kapusan.
kojah: êngg. kn. 1 ak. crita; 2 kandha, gunêman, ndongèng; di-[x]-i êngg: 1 dikandhani; 2 dicritani; di-[x]-ake êngg: 1 dikandhakake; 2 dicritakake.
kojar: kw. kacrita, kocap; kc. ujar.
kojat: kw. kondhang, misuwur.
kojèk-kojèk, kojèl-kojèl: pc. 1 kogèl-kogèl obah; 2 ngrêkasa bangêt.
kojud: êngg. pc. ([x]-e) minangka pambayare; [pamba...]
--- 242 ---
[...yare;] di-[x]-i êngg. pc: dibayari awujud ...; kojudan êngg. pc. 1 wêwujudan; 2 ana wujude.
kojur ~ kokot-bolotên.
kojur: kn. nêmahi cilaka, sangsara.
kojutan: êngg. kn. slamêtan, kêndhurèn.
kojong: I sa-[x] kn. (bêras lsp) kèhe padha karo tangan loro digathukake sarta èpèk-èpèke dicêkodhongake; sajimpit sa-[x] pc: ora adil (ênggone ngêdum ut. wèwèh). II kn: krodhong bayi kang digawe sêtrimin lsp. (supaya ora dicokot lêmud); di-[x]: dikrodhongi nganggo kojong.
kojor: I êngg. kn. 1 lonjoran (kayu obong); 2 (sa-[x]) satumpukan sungsun-sungsun (tmr. gula arèn). II ut. kêkojor kn. ak: papan andhoking prajurit (dibètèngi); kutha [x] ak: bètèng. III êngg. kn: kaku ora kêna ditêkuk (tmr. sikil, tangan).
kojrat: pc. kodrat.
kodhak: pc. piranti motrèt.
kodhe: ngodhe êngg. kn. bêburuh; [x]-an êngg: buruhan, panggawean.
kodheyalan: kn. ak. jêmpalikan, klèbèkan.
(kodhèk): kêkodhèk êngg. kn. bngs. solèt; di-[x]-i êngg: dikorèki.
kodhèn: kn. 1 pirang-pirang (ut. pangetunge sarana) kodhi; 2 pc. para, dudu adèn-adèn.
kodhèng: kn. 1 judhêg, ora pati mangêrti; 2 êngg. kera.
kodhi: kn. 20 kêbar (tmr. jarit lsp); kc. kodhèn.
kodhik: êngg. kn. ciyut.
kodhun: kn. ak. médhun (ora kêjarag).
kodhok: kn. ar. kewan bngs. bancèt, kongkang lsp; [x] ijo: 1 bngs. kodhok ing gêgêr ijo (kêna dipangan); 2 pc. dhuwit kêrtas; ngodhok pc: 1 mlaku ndharat; 2 ngundhuh suruh kang dumunung ingisor (tanpa mènèk); [x]-an: 1 têtironing kodhok (ent. dhepok, cilik); 2 (suruh [x]-an) suruh olèh-olèhane ngodhok.
kodhok-ngorèk: kn. ar. gamêlan.
kodhok-ula: kn. ar. mainan saèm. dhadhu.

(kodhol): I kêkodhol kn. ak. tut-buri saka ing kadohan (nédya mbegal lsp); di-[x]: ditut-buri saka ing kadohan. II êngg. kn. kêthul.
kodhor: êngg. kn. omah kajang.
ko'ên: êngg. kowe.
kogèl-kogèl: (kogèt-kogèt pc) kn. obah-obah tmr. ula lsp; kc. ogèl.
kogêl: kn. ora wêntala (-têgêl, -tega).
kogug: kn. ak. ora doyan dening krasa ênêg (jijik).
kogung: kn. manuh diugung (tmr. bocah cilik).
koh: êngg. saèm. kok.
kohên: êngg. kowe.
kohir: (W) kn. 1 layang katêrangan bab panariking pajêg; 2 pc. nomêr urut (bab pajêg), girik pajêg; 3 êngg. bubuhan nggarap palêmahan (gawe lubang têbu lsp).
koho: êngg. kn. mêngko.
kohong: êngg. kn. sêpi; kc. kowang.
koyah: kn. ar. panganan; kc. taoyah.
koyal-kayil: êngg. kn. ogal-agil (tmr. untu lsp).
koyan: kn. bobot 27 - 30 dhacin.
koyang-kayingan: kn. ak. moyang-maying (ora ngaso-ngaso).
koyar-kayir: êngg. kn. obah kawir-kawir.
koyèk: kb. 1 êngg. munyuk (kênyung); 2 pc. rèmèh, sêpele.
koyuhan: kb. kêna ing uyuh.
koyuk: (C) kn. bngs. plèstêr tamba gudhig lsp.
koyup: pc. 1 katut diuyup; 2 katut diênggo (tmr. dhuwit).
koto: (C) kn. koyuk.
koyok: I kn. 1 êngg. maling bêbarêngan wong akèh (saèm. kècu); 2 lêlakèn; di-[x] êngg: ditêkani ing koyok. II kn. koyuk.
koyong: êngg. kaya.
koyor: kn. alot (tmr. iwak, alot lsp); [x]-an: iwak koyor.
kok: I pc. ko (madyama-purusa). II kn. 1 katêrangan mratelakake kagèt, gumun lsp; 2 kanggo ngantêbake surasa; 3 pc. yèn, mênawa; kc. têka.
kokap: kw. 1 kêbul, mega; 2 dupa; kc. kukap.
kokar: kb. saèm. ciri-murni nganggo pita.
kokèhan, kokèhên: n. kêkathahan, kêkathahên k. pc: kakehan, kakèhên.
koki: (W) kn. tukang olah-olah.
kokila: kw. manuk.
kokis: kn. ar. roti saèm. apêm.
koklok:. 1 êngg. ks. mangan; 2 pc. bosok mlênyok (tmr. gudhig lsp).
kokum: kn. ak. kêna ing ukuman (diukum).
koko: I êngg. mêngko. II êngg: ko- (madyama-purusa), di-[x]: diajak gunêman nganggo têmbung kowe (ngoko); kc. ngoko.
kokoh: I kn. mangan sêga karo jangan dicampur; di-[x], [x]-an: sêga karo jangane dicampur (tmr. mangan); ninggal [x]-an ak: ninggal pagawean sing durung rampung; tunggal [x]-an ak: tunggal pagawean. II kn: 1 êngg. manggrok; 2 ak. kukuh.

kokok: I pc. 1 kêncêng ngotot (tmr. gulu lsp); 2 lêlurahing maling (kècu lsp); 3 pintêr bangêt (nglakoni ala). II êngg. kn: bumbung cilik (wadhah banyu); klambi [x] êngg: klambi cêndhak (anggone wong wadon).
kokok-bêluk: kn. ar. manuk saba bêngi.
kokok-kikik: kakehan [x] kn. kakehan pratingkah (rèwèl).
kokol: êngg. kn. bngs. kênthongan kayu.
kokop: I kn. bêlang ut. gripis-gripis ing saubênging cangkêm (tilas pathèk). II di-[x] kn: 1 diombe sarana cangkême diclupake (kaya pangombene kewan); 2 ks. diombe.
kokosan: kn. bngs. dhuku.
kokot: kn. 1 ak. rakêt ut. kèkèt bangêt; 2 canthèlan kancing bênik, kawat canthelan, tali kêcèr.
kokot-bisu: kn. nêpsu bangêt banjur nggêgêt (mênêng bae).
kokot-bolotên: kn. akèh bolote (ing awak).
--- 243 ---
kokrok ~ komite.
kokrok: kn. bngs. pênjalin.
kol: I di-[x] kw. 1 dirangkul; 2 ak. dipulêt, digubêd. II sa-[x] êngg. ak: salintingan dluwang dhuwit kêrtas lsp). III slamêtan [x] kn: slamêtan taunan pangeling-eling marang wong kang wis ajal. IV êngg. pc: kobis; kc. kul.
kolah: êngg. kn. kulah.
(kolah-kolèh): di-[x] êngg. kn. diolag-oligake (tmr. gorèngan lsp).
kolak: I êngg. kn. saèm. wrangka (tmr. arit lsp); kc. kulak. II kn: saèm. kluwa (gêdhang, tela pêndhêm lsp: di-[x] êngg: dikluwa.
kolam: kn. ak. blumbang, kulah.
kolang-kaling: kn. woh arèn.
kolèd-kolèd: kn. mlaku menggak-menggok (tmr. ula).
kolèhan: n. kangsalan k. ak. bisa olèh (rêjêki lsp).
kolèhe, kolèhên, kolihe: êngg. geneya, kapriye.
kolèk: I êngg. kn. nyambut-gawe golèk rêjêki. II ut. [x]-an êngg. kn: ar. prau layar.
kole-kole: kn. ak. kolèd-kolèd.
kolèktur: (W) kn. priyayi kang pinatah nglumpukake pajêg.
kolerah: (W) kn. lara mutah ngising.
kolèr-kolèr: êngg. kn. kolèd-kolèd.
kolêd: kw. 1 rêmbên, rindhik; 2 lêlêd, suwe bangêt.
kolêg-kolêg: êngg. kn. wis warêg (jêlèh) bangêt, milêg-milêg.
kolêk: I êngg. kn. kolak (bngs. kluwa). II kn. ak: kêna (tumiba ing) ulêkan; kc. ulêkan.
kolêm: I êngg. ak. blumbang, kulah; kc. kolam. II kn: klowongan ing layang sêtat-sêtat lsp; [x]-an: 1 godhagan kang diisèni (ing layang sêtat lsp); 2 godhagan ing layang kabar. III di-[x] êngg. ak: ditahan ing kunjara; [x]-an: tahanan.
koli: (W) kn. buntêlan (pak-pakan lsp) kang dikirimake (ing sêpur lsp).

kolik: I kn. ar. manuk saba bêngi (tuu wadon); ngolik pc: ngincêng bangêt marang kamelikan. II êngg. kn: nyambut-gawe golèk rêjêki; kc. kolèk.
kolir: pc. 1 kalah (tmr. main); 2 nandhang kacilakan.
kolmak: pc. kang dikuwasakake (wêwakil); kc. kulmak.
kolu: kn. 1 katut diulu; 2 bisa klêbu; 3 pc. têgêl, ora tampikan; kc. ulu.
kolug, kolog: kw. kuciwa, ora marêmake.
kolur: kn. bisa lan gêlêm mêmènèhi; kc. ulur.
koloh: I (ut. [x]-an) kn. ak. (banyu [x], soga [x]) banyu ut. soga kang wis dianggo (ngumbah, nyoga); di-[x] ak: dikum lan dicêncêm ing (banyu warangan, tmr. kêris, banyu soga tumr. bathikan). II di-[x] kn. ak: dilêbokake ing cangkêm lam diêmut (tmr. driji lsp).
kolok: êngg. kn. 1 bngs. kluwa; 2 bngs. wrangka; kc. kolak.
kolom: kn. kc. kolêm; [x]-e êngg: kawilang ..., kêpetung ...
kolon: I kn. 1 têgêlan; 2 mung ngrêmbug butuhe dhewe (arêpan); kc. kolu. II kn: 1 pilar; 2 barisan prajurit.
kolonèl: (W) kn. ar. pangkat panggêdhe saradhadhu.
koloni: (W) kn. tanah jajahan.
kolontara: pc. kalamtara.
kolong: I (ut. [x]-an) kn. 1 alèn-alèn (gêlangan) wêsi lap; 2 blêngkêran wêsi lsp; 3 sindhêtan ing kala lsp; 4 êngg. bolongan; 5 (sa-[x]) satêkêm (antaraning driji panuding karo jêmpol digathukake). II êngg. kn: longan (ing omah panggung).
kolor:(-an) kn. talining kathok; di-[x]-i ak: ditrapi kolor.
kolot: êngg. pc. 1 ngotot, wulêd bangêt; 2 nggêgêgi tata-cara kuna, kuna.
(koma): [x]-[x] kn. nganggo têpa-têpa (kanthi kawêlasan).
komah: (W) kn. pada ...
komak: êngg. kn. ar. têtuwuhan rambat (bngs. kacang).
komala: (S) kw. alus, sarèh; kc. kumala.
komaran: êngg. kn. sajèn marang lêlêmbut (kêmbang, panganan lsp).
kombak-kombul: kw. munggah-mudhun katut ing ombak (tmr. prau lsp).
kombang: I kn. bngs. tawon gêdhe; macan [x]: ar. macan warnane irêng; di-[x]-[x]-i pc: digrênêngi, digrumung. II [x]-[x] kn: komplang-komplang (kêbak banyu).
kombang-anglèng: kn. ak. ambrung (tmr. swaraning gamêlan).
kombang-mara: kn. ar. gêndhing.
kombar-kombar: pc. akèh bangêt duduhe (banyune).
kombèrên: kn. ombèr bangêt.
kombul: kn. ak. 1 katut mumbul ing awang-awang; 2 misuwur bangêt; kc. umbul, mumbul.
(komboh): di-[x]-ake êngg. diclupake, diblêbêgake.
kombolên: kn. kêkêrêpên, kakèhên; kc. ombol.
kombong: êngg. ak. pranjèn (pitik, bèbèk).
kombor: I kn. landhung lan amba (tmr.kathok). II di-[x] kn: 1 dipakani ing cacahan sukêt dicampur karo tètès lan dhêdhak (tmr. jaran); 2 pc.

diuja pangane; [x]-an: 1 (wedang [x]-an) wedang tèh (kopi) sing wis bêningan; 2 cacahan sukêt dicampur karo dhêdhak lan tètès ut. banyu (dianggo makani jaran).
kombot: êngg. kn. klobot.
komêt: kn. mumêt bangêt.
komêtir, komêtèr: êngg. pc. kumêtir (lêlurahing mandhor).
komidhi: kn. kumidhi.
koming: I kn. gêgulungan ana ing lêmah (tmr. jaran lsp). II pc: kunthing.
komis: (W) kn. saèm. juru-tulis.
komisaris: (W) kn. kc. kumisaris.
komisi: (W) kn. kc. kumisi.
komite: (W) kn. bêbadan ing pakumpulan
--- 244 ---
lsp. kang tinanggênah ngrancang ut. nindakake sawijining bab.
komuk ~ kontribisi.
komuk: êngg. ak. kondhang, misuwur.
komuni:(-suci) kn. roti tanpa ragi kang disucèkake (R.K.).
komod-komod: êngg. ak. kumud-kumud.
komoh: êngg. kn. 1 têlês kêbês, klomoh; 2 ar. panganan.
komor-komor: kn. ak. komod-komod.
kompa: pc. pumpa.
kompèk: êngg. kn. ar. wadhah (saèm. tenggok mawa tutup); kêmpèk.
kompèrên: pc. kalah (kari) karo panunggalane.
kompêr, kompor: (W) kn. anglo mawa diyan (oncor lênga gas).
komplah-komplah: êngg. kn. suwèk (tatu) amba.
komplang: I kn. lowok (lowong) tmr. pangkat. II [x]-[x] pc. kêbak banyu akèh, kombang-kombang.
komplèh: êngg. kn. kèplèh (tmr. kuping asu).
komplèkan, komplètan: kn. ak. kumplitan.
komplit: (W) I pc. ganêp, pêpak, mrabot. II [x]-an kn. ak: kumplitan; kc. kumplit.
komplo: êngg. kn. bodho, gêndhêng.
(komplong): ngomplong pc. mlongo, ndlongop (ora gunêman).
komplot: (W) pc. 1 grombolaning wong sumêdya laku ala; 2 mitra thing.
kompol: êngg. kn. bngs. kanthong kang digawe nam-naman goni lsp.
kompolan: kn. diompoli (diuyuhi ing nalikane turu); kc. ompol.
kompra: wong [x] êngg. ak. wong urakan.
komprang: êngg. kn. bngs. kathok kombor.
komprèng: kn. anak kidang.
komprèngsi: (W) kn. pakumpulan sarasèhan (para pangrèh praja).
komprès: (W) kn. ès dibuntêl ing kacu lsp. dianggo nyêp-nyêp êndhas lsp;
kompromis: (W) kn. prajanjian bêdhamèn
komprontasi: (W) kn. nggathukake paturaning saksi karo dakwa.
komram: kw. 1 sumorot padhang; 2 têrang, cêtha.

kon: di-[x] n. dipunkèn k. (ing) andikake, dikêrsakake, didhawuhi ki. dipurih nindakakake, dikudokake supaya; kc. akon.
konang: kn. 1 ar. kewan saèm. lalêr ing wêtêng ana pêlik-pêlike; 2 (ut. kêkonang) ak: kêpyur-kêpyur ing pandêlêngan (nalika arêp sêmaput lsp); [x]-ên: kêpyur-kêpyur pandêlênge.
konangan: kn. kawêruhan, kêwanguran.
konang-onang: kw. misuwur, kondhang.
kondangan: kn. ak; mèlu kêndurèn (ngêpung ambêngan ing nalikane slamêtan).
kondul: êngg. kn. bali mutah (tmr. apa-apa kang diulu).
kondur: ki. mulih.
konjalan: êngg. kn. têka ing panggonane wong duwe gawe (njagong, nyumbang).
konjêm ing siti: kw. êndhase nganti mèpèt ing lêmah (urmat bangêt nalikane nyêmbah).
konjuk: ki. katur.
(konjong): kêkonjongan êngg. kn. kêsusu.
kondhang: I kn. misuwur, kêlok. II kw: 1 wuwuhan; 2 rewang. III êngg. kn: susukan (kali, kanal).
kondhe: kn. ar. gêlungan.
kondhèktur: (W) kn. punggawa sêpur (bis) kang pinatah mriksa karcis..
kondhisi: kn. kc. kundhisi.
kondhong: êngg. kn. 1 guthêkan; 2 sênthong.
kondhor: I kn. ak. ora bisa kênthêl (tmr. jênang, wedang tèh lsp). II (ut. [x]-ên) kn: impêsing puyuhan mêdhun.
konus: kn. ak. diunus.
kono: n. riku k: 1 panuduh panggonan kang rada adoh prênahe; 2 (ut. konone) pc. kowe; 3 (ut. konone) pc. dhèwèke; di-[x]-[x] engg. pc. disingkrang-singkrang, dikon lunga.
konok: I si[x](-onggrok) pc. wong kaya mêngkono kuwi. II di-[x]-ake n. dipun-katênakên k. pc: ditindakakake kaya mêngkono. III êngg. k: êmbuh.
konon: êngg. n. mêngkono.
konta: kn. ak. kunta.
kontab: kw. misuwur, kondhang; kc. untab.
kontak: (W) kn. gathuk (tmr. listrik); [x]-an: gathukan ing listrik.
kontal: I kn. ak. katut diulu; kc. untal. II kn. kentas (kèngêr mundur lsp) marga didhosok lsp.
kontan: (W) pc. kêncèng (pambayare).
kontang-kanting: kn. ak. montang-manting.
kontap: kw. gadug, tutug, têkan; kc. untap.
kontêlir: pc. kontrolir.
kontên: I k. lawang; kc. kori. II kapal [x] k. ak: jaran kore.
kontit: kn. kalah, ora tandhing(-timbang karo jodhone), kari bangêt.
kontul: kn. ar. manuk bngs. cangak putih; [x] nglayang ak: ar. gêlaring baris.

kontung: kn. 1 ak. kapitunan, kêcilakan; 2 kw. bêgja; kc. untung.
konto: (C) kn. bngs. pêncak.
kontra: I kw. katon ing akèh, misuwur. II (W) pc. 1 mêmungsuhan, lêlawanan karo; 2 mungsuh.
kontrag: kn. 1 oyag bangêt (tmr. lêmah lsp); 2 br. orêg, gègèr.
kontrak: I êngg. kn. misuwur. II (W) kn: 1 prajanjian (nyambut-gawe, dagang lsp); 2 têgal [x] êngg. palêmahan kang ditanduri wit jati manèh (sawise ditêgori kang tuwa); 2 dikon nyambut gawe sarana kontrak; [x]-an êngg. pc: nyambut gawe buruhan (tanpa ingon).
kontrang-kantring:(-an) kn. ak. montang-manting, ora jênjêm.
kontribisi: (W) kn. dhuwit urunan marang pakumpulan.
--- 245 ---
kontrolê ~ kopyok.
kontrolê: di-[x] pc. diawat-awati, dipriksa.
kontrolir: (W) kn. 1 juru mriksa lan ngawat-awati; 2 priyayi pangrèh praja bangsa Wlanda karèrèhane asistèn-residhèn.
konca: kn. ak. kunca.
koncar-kancir: êngg. kn. mloka-mlaku.
koncatan: kn. 1 dioncati ing; 2 kelangan, ditinggal ing; kc. oncat.
(konce): di-[x] kn. diklabang lan didokoki kêmbang (tmr. suri jaran); kc. once.
koncèkan: kn. ak. ([x] wadine) konangan wadine; kc. oncèk.
koncèn: kn. suri klabangan; kc. konce.
koncèr: kn. 1 apa-apa kang kumlawèr dawa (dianggo rêrênggan, pajangan lsp); 2 sinthingan (ing ikêt); 3 rêrênggan kang kumlèwèr ing sumping; kc. oncèr, moncèr.
konclak, konclang: kn. ak. 1 kabuncang mumbul; 2 misuwur; kc. onclang.
koncong: I êngg. kn. kojong (krodhong bayi). II di-[x] kn. ak. diêlih ing kukusan manèh banjur dimatêngake (tmr. bêras karon).
koncrat: êngg. pc. kontrak.
konthal-kanthil: kn. tansah kumanthil.
konthèng:(an) êngg. kn. kêdhot (atos, digdaya, kêndêl).
konthèt: êngg. kn. kunthing, kunthèt.
konthing: êngg. kn. ar. prau cilik.
konthol: kn. plandhungan ki. kanthonganing pringsilan; di-[x](-i) êngg: didhudhuki dijupuk oyode (kênole) nanging wite dilêstarèkake (tmr. tela kaspa lsp).
konthong: êngg. kn. sênthongan (guthêkan); kc. kondhong.
konyak: kn. ar: minuman kêras.
konyal-kanyil: pc. katon kênès pratingkahe.
konyar-kanyir: pc. monyar-manyir.
konyas-kanyis: pc. manis nyênêngake (gunêmane).
konyoh: ki. borèh.
konyor-konyor: pc. lunyu gampang diulu; kc. kênyar, kênyêr, klênyêr.
kongah-kongèh: (-an), kongah-kongih(-an) kn. kanthi rêkasa bangêt (ent. ora jênjêm atine).

kongak: kn. ak. diungak, katon; kc. ungak.
kongang: êngg. kn. 1 kêlar, kuwat; 2 bisa; di-[x]-i êngg. diidini.
kongas: kw. 1 sumêrbak ambune; 2 misuwur bangêt.
konggrès: (W) kn. pakumpulan gêdhe.
kongkal:(-an) kw. 1 kêsongkèl, diingsêr; 2 kêwalahan, kalah.
kongkang: kn. kodhok gêdhe.
kongkih: kn. ak. kèngsêr saka ênggone; kc. ungkih.
kongkil: kw. kc. kongkal.
kongking: kn. ar. mainan nganggo kêrtu cilik.
kongkirèn: (W) pc. jor-joran (rêbut murah lsp).
kongkulan: kn. ak. kalah dhuwur (luhur lsp); kc. ungkul.
kongkon: n. kèngkèn k. ngutus ki. akon mênyang ing; di-[x] n. (diutus ki) dikon mênyang ing ... (nglantarake pakon, têtuku lsp); [x]-an n kèngkèn(-an) k. utusan ki: 1 wong kang dikongkon; 2 kongkon marang; 3 prakara kang dilantarake sarana kongkonan; kc. kon.
kongkrus: (W) kn. adu kaluwihan bab gêndhing (nêmbang lsp).
kongsèn: I kn. 1 êngg. darbèking wong sadesa (tmr. sawah lsp); 2 (pari [x]) ak. pari kang ditandur ing têgal têmbako (kang wis diundhuhi (darbèking kabudidayan); 3 gadhuhan, silihan (tmr. omah lsp); 4 êngg. panganggo dhinês, kc. kongsi. II kn. ak: palilah, idin.
(kongsèng): di-[x] kn. 1 diwolak-walik (tmr. apa-apa kang digorèng; 2 dikosèk (tmr. lading lsp).
kongsèp: (W) pc. ngèngrèngan karangan, layang lsp.
kongsêb: kn. tiba krungkêb (raine kêna lêmah).
kongsi: I pc. n. ngantos k: nganti. II (C) kn: pakumpulan dagang (lmr. tmr. bangsa Cina); 2 êngg. gudhang ut. kantor dagang (Cina).
kongsul: I kn. kêsliyo, kèngêr. II (W) kn: wêwakiling praja ngamanca marang nêgara manca (ngurus dêdagangan lsp).
(kop): I di-[x] kn. diwêtokake gêtihe sarana cangkir lsp. ditèmplèkake ing badan ing jêrone diobongi dluwang lsp. II di-[x] êngg. pc: ditadhahi (dibijig) ing êndhas (tmr. bal).
kopah-kopah: kn. ak. têlês kêbês (gupak gêtih).
kopak: êngg. kn. pêpanthan, golongan, perangan.
kopan: ora [x] êngg. ora tampikan; kc. kaopan.
kopang: kw. 100; kc. kupang.
kopar: kn. ak. kapir, kupur.
kopat-kapit: kn. obah-obah buntute.
kopèk: kn. dawa ora mêntêr-mêntêr (tmr. susu); kc. karang kopèk.
kopèn: I kn. diopèni (dirêmbug, dipiyara); kc. opèn. II êngg. pc: kêbon kopi; 2 ak. wong desa kang diwajibake nandur kopi.
kopèt: kn. 1 durung cewok (sabakdane bêbanyu); 2 sêsukêr kang kari ing dubur.
kopêr: (W) kn. bngs. pêthi wlulang lsp. dianggo wadhah sandhangan.
kopi: I kn. ar. wit lan wohe digawe wedang bubuk; [x] bêras; kopi las-lasan; [x] lêlês, [x] luwak: kopi kang katut ing sêsukêring luwak. II kn: gêndul gêdhe pêsagi; kc. kupi. III (W) kn: ngèngrèngan karangan (capcapan lsp); kc. kupi, kupiya.

kopik: I ora [x] êngg. pc: ora kalong ora suda. II êngg: ar. mainan nganggo kêrtu cilik. III pc: mêngko dhisik.
kopina: (S) kw. cawêt, kathok.
kopyah: kn. kêthu, kupluk.
kopyok: I di-[x](-[x]) kn. 1 dikumbah ing banyu kanthi diobah-obahake (tmr. sukêt
--- 246 ---
lsp); 2 diocak-ocak ana ing wadhah (tangan ditangkêbake lsp. supaya carub); 3 êngg. diundhi, dilotre; [x]-an êngg. lotrèn; kc. opyok. II kn: ar. mainan nganggo dhuwit dikopyok ing tangan. III [x]-an êngg.kn: rame bangêt (gumêdêr); kc. obyok.
kopyor ~ kosod.
kopyor: kn. 1 putihan lan kuningane campur (tmr. êndhog); 2 isine ngglombyar (tmr. krambil, sêmangka lsp).
kopkopan: I pc. sarwa kêsusu pangombene; kc. kokop. II kn: dikop; kc. kop.
koplak: I kn. 1 isine wis gonggang karo kulite (tmr. kêmiri lsp); 2 pc. kocak. II [x]-an pc: palèrènan lan panginêpan (grobag, bakul lsp).
koplo: kn. 1 (ut. [x]-[x]) kêpu sarta kêndho (tmr.pipi); 2 pc. bodho, gêndhêng.
koploh: kn. kèplèh.
koplok: I kn. 1 sigaran pring tangkêban yèn dididudut muni plok (dianggo mêdèni manuk); 2 (lawang [x]) êngg. lawang jêplakan; ngoplok. ndhrodhog wèl-wèlan (marga wêdi bangêt lsp). II pc. wis lawas bangêt (tmr. jarit lsp). III êngg. kn: kupluk.
koplos: êngg. kn. koploh, kèplèh.
kopo: êngg. kn. kupu.
kopoh: (ut. [x]-an) kn. gombal ditêlêsi dianggo ngêlap lsp; di-[x](-i): ditêlêsi ing banyu (tmr. gombal lsp), dirêsiki nganggo kopoh; [x]-an: jarit têlêsaning wong duwe anak (dianggo lèmèk gêtih).
kopok: kn. 1 nanah saka ing kuping; 2 (ut. [x]-ên) lara kupinge ngêtokake nanah; 3 êngg. budhêg.
kopong: kn. 1 tanpa isi (tmr. wowohan lsp); 2 pc. bodho, kurang kawruhe.
kopor: kn. kopêr.
kopos: pc. kopong, kc. kropos.
koprah, koprak: kn. krambil cukilan kang digaringake.
koprak, koprèk: êngg. pc. 1 goprak, koplak; 2 wrangkaning arit lsp; di-[x] êngg. pc: digusah, diburu.
kopral: (W) kn. ar. pangkating saradhadhu.
koprasi: (W) kn. pakumpulan pirukunan dagang lsp.
koprat-kaprèt: pc. rame gunêman (tmr. wong wadon).
koprèk: êngg. pc. kc. koprak.
koproh: êngg. pc. kêmproh.
kopros: êngg. kn. kêtêl ora kopèn (tmr. brêngos).
koprot-koprot: kn. 1 mêtu gêtihe akèh bangêt (kêtaton); 2 pc. kalah (kapitunan) akèh bangêt.

kor: kn. tuma cilik.
korad-karèd: pc. kêkurangan bangêt; kc. korèd.
korah: sa-[x] kn. ak. akèh bangêt.
korak:. 1 kw. misuwur, kêwêntar; 2 êngg. swara rame; [x]-an êngg: 1 wrangka kudhi (arit lsp); 2 gêntha kayu (ing gulu sapi).
koran: (W) pc. layang kabar; di-[x]-ake pc: dikabarake.
kor'an: (A) kn. kitab suci Islam; kc. kur'an.
korang-karèng: pc. êntèk babar pisan.
korap: sa-[x] kn. ak. akèh bangêt.
koras: kn. ak. peranganing buku ana salêmpitaning lêmbaran (lumrahe 8 kaca); di-[x] ak: dijilid.
kore: kn: (jaran [x]) jaran saka ing Sumba, Bima.
korèd: êngg. kn. bngs. arit; di-[x]-i: dirêsiki kêkèrène kang ana ing wadhah (sarana disèndhoki lsp); [x]-an: 1 olèh-olèhane ngorèdi; 2 pc. turahan, kang kari dhewe.
korèh: êngg. kn. cêcèkèr.
korèk: êngg. kn. 1 cethok; 2 ([x] kuping) piranti dianggo ngrêsiki curêg; 3 rèk gêrètan; 4 rèk; 5 wong ngêmis; di-[x]: 1 dirêsiki nganggo korèk; 2 dicorèk; 3 diurêki; 4 pc. diudhal-udhal wadine; kc. orèk, ngorèk.
(korèksi): di-[x] (W) kn. dibênêrake lupute (tmr. tulisan lsp).
korèng: kn. tatu kang dadi mêmala; [x]-ên: nandhang lara korèng.
korèp: I kn. mêmalaning kulit (gudhig, kadhas-kudhis); [x]-ên: nandhang lara korèp. II di-[x]-i êngg. kn: dikorèdi.
korèspondhèn: (W) kn. juru ngabarake ing layang kabar.
kori:. 1 êngg. k. lawang; 2 (lawang [x]) kn. lawang ing regol, lawang kayu; 3 kn. ak: punggawa pradata kang pinasrahan nêkani wong kang kêna prakara.
koripan: kw. kaananing urip, panguripan; kc. urip.
kornèt: (W) kn. kênèk montor.
korud: kw. kuru bangêt; [x] kamane: kêmêton kamane.
korugan: kn. diurugi ora kêjarag; kc. urug.
korup: I kn. 1 ak. sumbut, urup; 2 êngg. pantês, patut. II kn. ak: ora tuhu.
korog: I êngg. kn. payon alang-alang; kc. mêngkorog. II di-[x] êngg. kn: diorog, dioyog.
korok: kn. saèm. jêgul mawa garan (dianggo ngrêsiki bêdhil, mriyêm, sêmprong lsp); di-[x]-i: 1 dirêsiki jêrone (tmr. barang kang wangun wuluhan); 2 (-kupinge) pc. dikandhani, dituturi.
koros: kn. ar. ula.
kosala: kw. kc. kusala.
kosèk: I êngg. kn. ora lurus kaya samêsthine; 2 kisruh, ruwêt (tmr. petungan, panêmu, rêrêmbugan lsp); ngosèk: klisikan mubêng-mubêng (tmr. turu). II di-[x] kn: 1 diasah digosokake ing wlulang lsp. (tmr. lading lsp); 2 dipususi supaya putih rêsik tmr.bêras lsp); 3 êngg. dirêsiki sukête lsp.

(kosèr): [x]-[x] kn. ak. ngglangsur maju; di-[x]-ake ak: diklangsrahake ing lêmah; [x]-an êngg: godhong têmbako kang ngisor dhewe.
kosi: êngg. nganti; kc. kongsi.
kosik: kn. ak. kèlingan; kc. osik.
(kosya): di-[x] kw. diambung.
kosus: kn. ak. kusus.
kosod: (ut. kêkosod) kn. nggosok-nggosokake awake (tmr. kewan lsp);
--- 247 ---
di-[x]-i: digosok-gosok ing awak (kewan); [x]-an: 1 cagak lsp. kang dianggo kêkosod; 2 gêgosokan, ent. adu panêmu.
kosok ~ kowèn.
kosok: kn. 1 sênggrènging rêbab (biola): 2 gosok; di-[x]-i: diilangi rêrêgêde(dhangkale) sarana digosok: [x]-an: nggosok awake supaya rêsik (nalikane adus).
kosok-bali: n. [x]-wangsul k. têtimbangan kang lêlawanan kaanane, kc: gêdhe karo cilik, dawa karo cêndhak.
kosong: kn. 1 êngg. kothong, suwung; 2 ora ana sing nunggang (tmr. kreta sewan lsp); 3 êngg. andhong, kreta arodha papat; [x]-an: êngg. pc: lowahan, lowongan, sêla-sêla.
koswa:, bala [x] kw. wadya bala.
kotaka: (S) kw. ak. 1 rêrêgêd; 2 kang ala dhewe.
kotaman: kw. kautaman; kc. utama.
kotang: kn. 1 entrok; 2 klambi tanpa lêngênan.
kotbah: (A) kn. ak. sêsorah; kc. kutbah.
kotbuta: kw. muring bangêt.
kotèng-kotèng: kn. kompèrên.
kotèsan: kn. anak kutuk.
(kotên): dipun-[x]-akên êngg. k. dimêngkonokake.
kotus: kw. dikongkon; kc. utus.
kotok ayam: êngg. kn. lamur.
kotol: kn. kêpêlan sêga dicampuri dhêdhak (pakan jago).
kotol-kotol: pc. ketol-ketol.
kotor: êngg. kn. rêgêd.
kotos-kotos: kn. 1 padha tètès banyune; 2 êngg. anyar bangêt; kc. kètès.
kotrèg, kotrèk: kn. piranti dianggo nyopot gabus tutup gêndul.
kocak: kn. 1 obah-obah tmr. barang cuwèr ing wadhah (banyu krambil lsp); 2 ak. obah dening ombak (tmr. sêgara); 3 bêning blalak-blalak (tmr. mata); 4 êngg. bêcik bangêt; di-[x]. diocak-ocak supaya campur (banyu lsp. ing gêndul); kc. acak.
kocak-kacik: kn. tansah kocak arêp wutah.
kocap: kn. diucapake, dicritakake; 2 êngg. pc: samangsa, anggêr (mênawa); [x]-a br: kacrita; kc. ucap.
kocar-kacir: kn. padha cicir, padha kècèr.
kocèh: êngg. kn. gupak.
(kocèk): di-[x]-i êngg. kn. dioncèki.
koci: kn. ak. sêkoci (prau cilik).

kocing: êngg. kn. kucing.
kociwa: êngg. kn. kuciwa.
koclak: êngg. kn. kocak.
koclok: I êngg. kn. kocak. II êngg. kn. ar. mainan nganggo dhadhu.
(kocoh): di-[x] êngg. kn. dicêngèsi, dianggo sêmbranan.
kocok: I êngg. kn. bngs. tenggok (bojog). II di-[x] kn: 1 diocak-ocak supaya campur; 2 dikasud (tmr. kêrtu); 3 êngg. pc. digrujug ing ujar.
kocolan: kn. ar. iwak cilik.
kocor: I kn. ak. 1 banyu kang dianggo mbanyu jago tarung; 2 banyu dianggo ngumbah mêmala lsp; apêm [x]: apêm kang diclup ing juruh; di-[x](-i): 1 dikêcêri banyu (tmr. jago kang diêdu); 2 êngg. disirami, dioncori; [x]-an: 1 nyêp-nyêp ing nalikane ngaso (tmr. jago kang diêdu); 2 êngg. ilèn-ilèn banyu dianggo ngoncori tanduran; kc. kumocor. II [x]-an êngg. kn: ditêgor sanalika (tmr. wit, tanpa digaringake); 2 alang-alang kang digaringake (kanggo payon).
kocrat-kacrèt: (-kacrit) êngg. pc. wutah mawut-mawut.
(kocrok): di-[x] êngg. pc. dikocok.
kocrot: kn. 1 kêdhokan (petakan) ing sawah; 2 saèm. pêthi gêdhe (wadhah wayang lsp); 3 êngg. pêthi mayit; 4 êngg. wadhah kinang; di-[x]-[x]: dipetak-petak, digodhagi pêsagèn; [x]-an: 1 godhagan, pêsagèn-pêsagèn; 2 petakan; 3 kothak cilik.
kothal: êngg. kn. bngs. jêmbaran.
kothang-kathung: kn. ak. tansah padha ngathung; kc. athung.
(kothèh): kêkothèh kn. gubras, rêgêd; di-[x]-i ak: digupaki.
kothèk: (-an) kn. têtabuhan nganggo lêsung.
kothèr: kn. ak. kèthèr.
kothi: (S) kw. kêthi.
kothung: êngg. kn. putung, kuthung.
kothok: I kn. ar. jangan; di-[x]: 1 digodhog dikênthêlake (tmr. candu lsp). diluluh ing kowi (tmr. slaka lsp); 2 dikêla kothok. II si [x] onggrok pc: si konok onggrok. III di-[x]-ake pc. n. dikonokake; kc. mêngkono.
kothong: kn. 1 ora ana isine (tmr. wadhah lsp); 2 pc. tanpa kawruh, bodho, rèmèh; di-[x]-i(-ake): 1 ora diisèni; 2 dilowongi, disuwungake; [x]-an: tanpa isèn-isèn.
kothor: êngg. kn. kèthèr.
kothosên: êngg. kn. rêgêd.
kothot: kn. alod bangêt (tmr. iwak).
kowah: I êngg. kn. bngs. manci gêdhe (cuci-mukak) II kn. ar. mainan nganggo kêrtu cilik.
kowak: I kn. gudhig (tatu) kang amba; di-[x](-i) êngg. pc: dikrowak(i), dicowali; kc. krowèk. II [x]-[x] êngg. kn. bêngok-bêngok.
(kowal): di-[x]-i êngg. pc. dicowali, dicowèli.
kowan: êngg. kn. lêgog-lêgog, ora olèh-olèhan apa-apa.
kowang: I kari [x]-[x] pc. kari (ditinggal) ijèn. II [x]-[x] pc: mbaung (tmr. asu). III [x]-an kn: bngs. bibis (manggon ing banyu). IV [x]-an êngg: bngs. caping bèbèk.

kowar: kn. 1 ak. ora kawruhan têrang (kang duwe lsp); 2 ora têrang bapakne (anake wong dhêmênan).
kowar-kawir: êngg. pc. kawir-kawir.
kowe: I n. sampeyan, panjênêngan k: panyêbut marang wong kang diajak wawan gunêm. II kn: anak lutung.
(kowèk): di-[x]-i êngg. pc. dicowèli (dikrowok lsp).
kowèn: kn. 1 ak. jêmbaran dianggo umbah-umbah lsp; 2 jugangan dianggo nyampur lepa (plêstèr lsp), jugangan pambuwangan tlethong lsp; kc. kowi.
--- 248 ---
kowèng-kowèng ~ kranthil.
kowèng-kowèng: êngg. kn. mbaung (tmr. asu).
kowên: êngg. kowe.
kowi: kn. wadhah piranti nglêbur slaka lsp.
kowung: êngg. kn. kuwung.
kowok: kn. ar. mainan nganggo kêrtu gêdhe; kc. krowok, ngowok.
krabah: kn. ar. iwak sêgara.
krabang: pating [x] kn. padha katon abang-abang (tmr. kulit lsp).
krabat: I (A) êngg. kn. sanak sêdulur. Ii [x]-[x] êngg. kn: lamat-lamat.
krabyakan: pc. sarwa kêsusu (sêmu bingung).
krabu: êngg. pc. sawung cilik (cêplik).
krajan: kn. 1 ak. nêgara kang kabawah ing raja, wêwêngkoning raja; 2 desa kang diênggoni ing lurah; 3 ak. nêgara kang didunungi panggêdhening tlatah; 4 ak. pakarangan gadhuhan marang abdi-dalêm; kc. raja.
kraèk: pating [x] pc. padha bêngok-bêngok.
kraèng: kn. sêsêbutaning priyagung Bugis.
krah: I kw. ak. akèh bangêt; kc. kumêrah. II (W) pc: gulon kandêl (pisah karo kêmejan).
krahang: êngg. kn. murka, ngangsa-angsa.
krai: kn. bngs. timun.
krainan: êngg. kn. kêrinan.
krak: a-[x], ma-[x] kw. mbêngok, nggêro, nêpsu bangêt.
kraka: êngg. kn. godhong garing (kang wis tiba).
krakab: kn. 1 larab tutuping lapak; 2 ak. krodhong, tutup; di-[x](-i) ak: dilarabi, ditutupi (dikrukub).
krakad: kn. jaring gêdhe; di-[x]: dijaring nganggo krakad.
krakah: êngg. kn. pomahan; kc. rangkah.
krakal: I kn. 1 watu kang rada gêdhe; 2 êngg. watu gamping; 3 pc. (ukuman [x]) ukuman dikon nggarap dalan lsp; di-[x]: 1 diurug ing krakal (tmr. dalan lsp); 2 pc. diukum dikon nggarap dalan lsp; [x]-an: dalan lsp. kang dikrakal. II di-[x] êngg. kn. diwluku (tanpa diêlêbi); [x]-an êngg: tanpa diêlêbi (tmr. pawinihan lsp).
krakas-krakas: pc. kasar, agal (tmr. wêdhi lsp).
krakêt: kn. tumèmplèk ora kêna diklèthèk; kc. rakêt.
(krakup): di-[x] pc. dirakup.
(krakot): di-[x]-i kn. dicokoti saka sathithik; kc. brakot, krikit.

kral: kw. rosa, kuwat, kêlar.
kram: I kw. sorot, cahya; kc. kumram. II kn: paku canthelan. III kn: kran, pancuran.
krama:. 1 kw. pratingkah, patrap; 2 kw. tata-pranata kang bêcik, suba-sita; 3 kw. watak, sipat; 4 kn. têmbung pakurmatan (ing unggah-ungguhing basa); 5 ki. laki, rabi; 6. kw. bojo; kaum [x] pc: wong cilik, buruh; ngapus [x] pc: ngapusi sarana alus; nyangga [x] pr: ngêpenaki rêmbug; ngungkak [x] pr: nêrak tata-krama; dikramani: dibasani (dijak gunêman nganggo têmbung krama); dikramakake: 1 ditêmbungake krama; 2 ki. diomah-omahake (dirabèkake, dikalèkake).
krama desa: (n. [x] dhusun k): têmbung krama kang ora kaprah (ênggon-ênggonan).
krama inggil: kn. têmbung krama kang urmat bangêt.
kramakala: kw. sore, wêngi.
kraman: I kn. (wong-wong kang) nglawan ut. mblela marang panguasa (nêgara); ngraman: mblela nêdya ngrêbut panguwasa. II êngg. kn: 1 sawah darbèking desa; 2 sawah lungguh (ing prabot desa). III kw: kêtêmuning pangantèn; kc. krama.
kramaniti: kw. tata-krama, patrap kang bêcik.
kramas: kn. jamas ki. rêrêsik rambut sarana disiram ing landha lsp; di-[x]-i (dijamasi ki)dirêsiki rambute nganggo landha lsp.
kramat: (A) kn. 1 ak. kaluhuran, pakurmatan; 2 (duwe-) kasêktèn (tmr. para suci, kuburan lsp); 3 (ut. [x]-an kuburane wong kang suci; [x]-an êngg: jaratan, kuburan.
krambang: pating [x] kn. padha katon kumambang; kc. kambang, rambang.
krambil: n. (êngg. k) klapa k (êngg. n): ar. wit sarta wohe (dianggo olah-olahan warna-warna).
krambyang: pating [x] kn. ak. pating krambyang: [x]-an, ngrambyang: 1 nglambrang; 2 pc. kuwur, bingung (pikirane).
kramean: kn. tontonan lsp. kasênêngan; kc. rame, karamean.
krami: k. ak. krama.
kramyang-kramyang: êngg. pc. rêmêng-rêmêng, ngramyang; kc. ramyang.
kramyas: pating [x] kn. pating kranyas.
kramun-kramun: êngg. kn. rada grimis.
(krampyang): di-[x] pc. disrêngêni (diujar-ujari) sêru.
krampul: pating [x] kn. padha katon kumampul; kc. kampul.
kran: (W) kn. pancuran ing bumbungan banyu lsp.
krana: kn. ak. jalaran, sabab; [x] alus: ora kanthi pêksan (ora kasar-kasaran); [x] Allah: atas karsaning Allah; [x] bêcik ak: kanthi bêcik (tanpa pêpadon lsp); [x] ngapa ak: kêna apa, sabab apa.
kranjang: kn. ar. wadhah kang digawe pring nam-naman kasar (arang).
kranji: kn. 1 pranjèn, kurungan jago; 2 peranganing nam-naman.
kranjingan: kn. kêsurupan setan; kc. anjing, manjing.
krandhah: êngg. kn. krabat, sanak sêdulur.

krantèn: kn. ar. têtuwuhan ing sêgara.
krantên: êngg. k. krana.
kranthêng: pating [x] kn. 1 pating grancêng (tali lsp. dipanthêng); 2 padha nganthêng (ora tumandang); kc. kanthêng, kênthêng.
kranthil: pating [x] kn. 1 padha kumanthil, katon kanthil-kanthil akèh; 2 êngg. ora mbiyêt (mung katon pating prênca tmr. woh); kc. kanthil.
--- 249 ---
kranthuk ~ krètèg.
kranthuk: pating [x] kn. padha manthuk; kc. anthuk.
kranthul: pating [x] kn. ak. pating kranthil.
kranyas: pating [x] kn. krasa pêdhês (panas).
kranyuk: pating [x] pc. padha manyuk-manyuk; kc. anyuk.
krang: êngg. kn. kêrang.
krangan: pc. kran.
kranggèh: pating [x], [x]-an kn. padha kumlawe arêp ngranggèh; kc. ranggèh.
krangkat: kn. ak. angot, kumat.
krangkèng: kn. kandhang kewan galak (dipagêri rajêg wêsi).
kranglah: êngg. kn. kêcingkrangan.
krangrang: êngg. kn. rangrang, ngangrang.
(krangsang): I [x]-an kn. ak. mumpal-mumpal (umob); c.[13] kumranagsang. II [x]-an kn: ngrangsang, ngangsa bangêt; kc. rangsang.
kraos: k. 1 krasa; 2 krasan.
krapa: I kêkrapa kn. golèk krowodan (pangan lsp) mênyang ing alas; kc. ngrapa. II êngg. kn: rewanging juru misaya iwak.
krapak: pc. rapak; [x]-an pc: garing.
krapês-krapês: pc. kapês-kapês, gabês.
krapyak: I kn. ak. pêpindhan swara têmpuking tumbak lsp. II kn: pagêring papan kang dianggo ngingu kidang mênjangan; di-[x]: dipagêri mubêng.
kraras: kn. ak. klaras.
kras: pc. kêras.
krasa: n. kraos k. kêtaman ing rasa, bisa ngrasakake; kc. rasa.
krasak-krasak: kn. pêpindhan swaraning godhong garing disasak, banjir lsp; kc. kumrasak.
krasan: n. kraos k. wis krasa sênêng kaya ana ing omahe dhewe.
krasikan: kn. ar. panganan.
krastala: kw. kuwasa, sêkti.
krastin: kn. ak. kêsting.
kratak: I [x]-[x] kn. pêpindhan swaraning barang kang mêntul lsp. II [x]-an êngg. kn: bêkakrakan arêp ngêndhog (tmr. babon).
kratu: (S) kw. ak. sajèn.
kratok: êngg. kn. bngs. kacang rambat.
kraton: kn. 1 kang diêrèh ing ratu, pangrèhing ratu; 2 dalêming ratu; kc. ratu.

kracak: I êngg. kn. tracak. II [x]-[x] kn. pêpindhan swaraning banyu mancur lsp.
kracan: kn. ar. dhapuring tumbak.
kracung: pating [x] kn. padha ngacung; kc. acung.
krathung: pating [x] kn. padha ngathung; kc. athung.
krawak-krawak: kn. pêpindhan swaraning banyu mili ing grojogan lsp.
krawangan: kn. rangrangan, bakal kang sumrawang.
(krawat): di-[x], [x]-an kn. ditalèni ing kawat lsp. supaya aja kêbanjur pêcah (tmr. teko lsp) kc. kawat.
krawitan: kn. 1 kagunawalus;[14] 2 ar. gêndhing.
krawyada: (S) kw. ak. kewan galak.
(krawu): di-[x] kn. diurab lan dicampur karo barang kang lêmbut; di-[x] ampas pc: diujar-ujari.
(krawus): di-[x] kn. disrêngêni kanthi diujar-ujari.
kre: êngg. kn. kêre.
krèbèt: wayang [x] ak. wayang bèbèr.
kreyab: pating [x] kn. padha reyab-reyab rambute; kc. reyab.
krèyèng: êngg. kn. cikrak, wadhah uwuh lsp. kang dipikul; 2 ks. palanyahan.
kreyok: pating [x] pc. padha muni keyok-keyok (pitik).
krekalan: kn. tiba kêdhakalan (arêp tangi manèh).
krèkèl: I êngg. kn. gaplèk. II [x]-an kn: kêthèkèlan, mènèk kanthi rêkasa.
krèkèsan: I pating [x] êngg. pc. 1 pating krompyang; 2 pating slêmbrèh. II êngg. kn: blabag lsp. têkên.
krenah: êngg. kn. 1 panggawe (sarana) kang dianggo (mialani lsp); 2 rêmbug; 3 pangapus; di-[x] êngg: 1 direka-reka; 2 dipialani sarana krenah, diguna-gawe: 3 diapusi.
krendha: êngg. kn. rêmbug, reka; kc. krenah.
krèndhèt: pc. kêbarut; kc. rèndhèt.
krèncèng-krèncèng: kn. pêpindhan swaraning banyu mancur ing èmbèr lsp.
krèng: pc. pêpindhan swaraning klinthing pit lsp.
krengga: kn. 1 durung mangsane matêng wis gogrog (tmr. wowohan); 2 pc. salah kêdadèn, ora dadi.
krenggak: pating [x] kn. ak. padha enggak ana ing banyu; kc. enggak.
krenggok: pating [x] kn. ak. padha menggak-menggok; kc. enggok.
krengkangan: kn. tiba klumah nyêkangkang.
(krèngsèng): di-[x] kn. digawe lênga sarana digorèng (tmr. gajih lsp).
krèpès: pc. trèpès, tipis.
krepyak: kn. 1 (mak [x]) kêtêrangan tibaning gêdhèg lsp; 2 blabag tutup(ing) krêtêg); 3 tutup jêndhela lsp. kang digawe blabag tinata mirang rantap; 4 êngg. klothak (gêntha kayu).
krèpyèk: mak [x] pc. mak krepyak.
krepo: êngg. pc. tanpa karosan (asor bangêt, ala bangêt); kc. repo.
krese: kn. iwak loh cilik-cilik sing digaringake.

krèsèk: I êngg. kn. krese. II [x]-[x] kn: pêpindhan swaraning godhong garing dipidak lsp; kc. krêsêk. III kakehan [x] pc: kakehan pratingkah.
kreta: kn. ar. têtunggangan mawa rodha papat digèrèt ing jaran; [x] montor ak: montor.
krete: kn. anak baya.
krètèg: I ngrètèg kn. 1 padha rontog (gogrog) godhonge lsp; 2 pc. saya suda kasugihane (dadi mlarat); [x]-an êngg: 1 pari kang disêbar garingan (tanpa diêlêbi); 2
--- 250 ---
pari kang gampang gogroge saka ing wulèn. II pating [x] êngg. kn: pêpindhaning swara saèm. kracag-kracag.
krècèk ~ krêngêng.
krècèk: I kn. 1 irisan wlulang didang banjur digaringake (yèn garing bisa mlêmpung digawe lawuh); 2 ar. panganan gorèngan. II êngg. kn: jrangkong (raganganing wong lsp). III [x]-an êngg. kn: têbu kang ora bisa thukul (sêmi). IV di-[x] kn. ak: diprinci-princi pangetunge. V [x]-[x] kn. ak: pêpindhan swaraning blèg gathuk lsp.
krewal: pating [x], [x]-an kn. ak: pating grewal, grewalan; kc. grewal.
krèwèdan: kn. ak. turahan (bêbathèn) sathithik.
krèwèk: kn. krowok (krowak) sathithik.
krèwèng: kn. 1 êngg. pêcahan bêling lsp; 2 wingka (pêcahan grabah): ora duwe [x] êngg. pc: ora duwe dhuwit.
(krêbak, krêbêk): di-[x]-ake kn. ak. diblêbêgake ing banyu supaya kêbak (tmr. kêndhi lsp).
krêbat-krêbêt: kn. tansah nywara krêbêt-krêbêt.
krêbêt: I pating [x], [x]-[x] kn. pêpindhan swaraning jarit lsp. nalikane katêmpuh angin (mlaku lsp). II êngg. kn. ribut ênggone tumandang (cêcawis lsp).
krêbut: pating [x] kn. ak. saèm. pating krêbêt; kc. krêbut.
krêdan: êngg. kn. iwak ing gulu; kc. kêrdan.
krêdut: pating [x] kn. padha obah kaya kêdut; kc. kêdut.
krêdyat: kw. kagèt; kc. kêjot.
krêjèt: pating [x] kn. ak. padha krêjèt-krêjèt.
krêjêt: (-ing ati) pc. krêntêging ati (marang pêpenginan lsp); ngrêjêt: 1 obah krugêt-krugêt; 2 rada urip (tmr. dêdagangan lsp).
krêdhah-krêdhih: ora [x] kn. ak. ora prêduli marang.
krêdhak: pating [x] kn. padha sumèlèh ora ditutupi ut. ora disingkir-singkirake (wadhah kang mêntas dianggo lsp.
krêdhêk: êngg. kn: (rêmbulan [x]) anggone ndhadhari wis lingsir wingi.[15]
krêdhuh: pating [x] kn. ak. padha sêsambat adhuh.
krêga: kn. ak. ar. wadhah kang digawe wlulang.
krêgêng: êngg. kn. kêsêl, sayah.
krêkalasa: (S) kw. ak. kadhal, bunglon.
krêkas: kn. wadhah pistul; kc. kêrkas.
krêkêb: mak [x] pc. sanalika tumutup (tumangkêb, mêngkurêb); kc. kêkêb.

krêkêl: pating [x] kn. padha mêndhêkêl (nglêkêr).
krêkês-krêkês: I kn. krasa adhêm njêkut; kc. kêkês. II kn: nywara krês-krês.
krêkêt-krêkêt: kn. swaran[16] kêroting untu lsp.
krêkuh: pating [x] pc. pating brêkuh; kc. bêkuh.
krêkut-krêkut: kn. saèm. krêkêt-krêkêt.
krêmah: kn. ar. têtuwuhan.
krêmbah: kn. ar. macan.
krêmbès: pating [x] êngg. kn. padha mêtu (tmr. kêbul, kukus lsp).
krêmbêng: êngg. kn. rêmbêng, rombong.
krêmbik: pating [x] kn. ak. padha (arêp) nangis; kc. kêmbik, mêmbik.
krêmbyah: pating [x], [x]-[x] kn. pating srawe ora tata (tmr. rambut lsp); kc. rêmbyah.
krêmbyang: pating [x] kn. ak. pating krêmbyah; kc. rêmbyang.
krêmbos: pating [x] êngg. kn. pating krêmbès.
krêmês: I [x]-[x] kn. katêrangan pamamahing panganan kang êmpuk. II êngg. kn: ar. panganan kang digawe tela kaspa.
krêmi: kn. cacing ing wêtêng kang lêmbut-lêmbut.
krêmin-krêmin: êngg. kn. lamat-lamat (tmr. pangrungu).
krêmya-krêmya: kn. ora kêtêl, arang-arang.
krêmun: I êngg. kn. bngs. tandhu gandhul. II [x]-[x] êngg. pc: grimis kêpyur-kêpyur; kc. kêrmun.
krêmus: kn. saèm. krêmês; kc. kêrmus.
krêmpêl: pating [x]. [x]-an kn. padha kêmpêl dadi siji; ngrêmpêl: kumpul (nggrêmbêl) dadi siji; kc. kêmpêl.
krêmpis: pating [x] pc. padha kêmpis-kêmpis; kc. kêmpis, mêmpis.
krêmpyag: pating [x], [x]-an kn. ribêt bangêt dening kakehan gawan lsp.
krêmpyêng-krêmpyêng: pc. 1 mbêngêngêng; 2 ent. rame (tmr. pasar lsp).
krêndha: I êngg. kn. 1 pêthi mayit; 2 bandhosa. II (ut. krêndhawa) kw: bèbèk..
krêndhi: kw. mênjangan(-tutul).
krênêng: kn. 1 wadhah kang digawe nam-naman pring arang-arang (dianggo wadhah woh-wohan lsp); 2 nam-naman pring dianggo mbrongsong wowohan; di-[x]-i: diwadhahi (dibrongsong) ing krênêng.
krênis: pating [x] pc. padha kêmayu; kc. kênès.
krênuk: pating [x] pc. padha lêlinggihan adu bathuk..
krêntès: pating [x] kn. ak. padha tètès.
krêntêg: kn: (-ing ati) prêntuling sêdya ing ati.
(krênca): di-[x] êngg. kn. diukur (nganggo tali lsp).
krêncal:(-an) pc: kroncalan.
krêncang, krêncèng: pating [x] pc: padha ditalèni (dipanthêng) kêncêng.
krêncil: pating [x] kn. mung saka sathithik (ora bêbarêngan)..
krênthêng: pating [x] pc. pating krêncang(-krêncêng).
krênthil: pating [x] pc. pating krêncil.

krênyah-krênyoh: pating krênyoh pc. padha mamah; kc. kênyoh.
krênyap, krênyêp: pating [x] kn. ak. padha katon gilap sumorot; kc. rênyêp.
krênyês: mak [x] pc. sanalika rêmuk.
krêngêng: pating [x] kn. ak. padha nywara mbrêngêngêng.
--- 251 ---
krêngês ~ Kristên.
krêngês: pating [x], [x]-[x] pc. pating krêkêt, krêkêt-krêkêt.
krênggos: pating [x], [x]-an kn. (padha-) mênggèh-mênggèh napase.
krêngkab:, pating [x] pc. padha mêngkab-mêngkab.
krêngkèt, krêngkit, krêngkot: pating [x] kn. pêpindhan swaraning pikulan lsp. mêndat.
krêngus-krêngus: pc. krêmus-krêmus.
krêngsêng-krêngsêng: kn. nywara ngarêpake umob (tmr. wedang lsp).
krêpana: (S) kw. ak. 1 mêmêlas; 2 kêcingkrangan, cilaka.
krêpêk: mak [x] pc. sanalika pêcah (rêmêk); di-[x]: dipêcah, dirêmuk; kc. krêpyêk.
krêpês: mak [x] kn. salika[17] rêmuk pêpês.
krepyak-krêpyêk: pc. katêranganing tumandang bêbarêngan.
krêpyêk: I mak [x] kn. mak grêpyêk (swaraning athik-athikan ditêkuk). II [x]-[x] pc: krêcêk-krêcêk.
krêpluk: pating [x] pc. muni (nywara) pluk-pluk; kc. kêpluk.
krêpu: kn. ak. kc. kêrpu.
krêpus: kn. ak. kêrpus.
krês: mak [x] pc. katêrangan swaraning ngiris lsp.
krêsa: (êngg. k) ki. arêp; kc. karsa, kêrsa.
krêsêk: I [x]-[x] kn. 1 swaraning godhong garing lsp. dipidak lsp; 2 swara lirih êrak. II di-[x]-i pc: dirigoni ing swara; kc. rêsêk, kumrêsêk.
krêsês: pating [x] pc. padha nywara sês-sês; kc. ngêsês.
krêsna: (S) kw. 1 irêng; 2 wage.
krêsnapaksa: (S) kw. panglong (sawise tanggal 15).
krêstin: kn. ak. kêsting.
krêta: kw. tata, têntrêm; kc. kêrta.
krêtagna: (S) kw. ak. tanpa panarima.
krêtayasa, krêtakirtya: (S) kw. ak. misuwur.
krêtayuga: (S) kw. ak. jaman (alam) kang kapisan.
krêtala: kw. ar. gêgaman.
krêtanjali: (S) kw. ak. nyêmbah, mbêbana.
krêtapunya: (S) kw. ak. bêgja bangêt.
krêtapradana: (S) kw. ak. linuwih.
krêtarta: (S) kw. ak. 1 kêlakon, kasêmbadan; 2 putus (ing ngèlmu).
krêtès: pating [x] pc. padha nywara mak kêtès.
krêtêg: I mak [x] (-krêtêg) pc. pêpindhan swaraning kayu arêp putung lsp; kc. kumrêtêg. II kn: wot gêdhe lan amba (ing kali lsp); di-[x]: ditrapi krêtêg.
krêtêp: kn. timang ditrètès intên.
krêtês: pating [x] pc. swaraning bêras lsp. dimamah.

krêti: kw. panggawe, tindak, pratingkah.
krêtu: kn. ak. kêrtu.
krêtobaya: (S) kw. ak. rukun, bêdhami, prajanji.
krêtya: (S) kw. (pang-)gawe, tindak.
krêcêk-krêcêk, krêcik-krêcik: kn. ak. pêpindhan swaraning udan, gathuking tumbak lsp; kc. kumrêcêk.
(krêwês): di-[x] êngg. kn. dikruwês.
krêwikan: êngg. kn. cuwilan.
kridha: (S) kw. 1 ak. dolanan, sênêng-sênêng; 2 ulah sacumbana; 3 nggêgulang, nindakake; 4 tumindak, panggawean.
krigaji: kn. ak. ar. pajêg marang lurah tabon (katur panjênênganing ratu).
krigan: êngg. ak. kêrigan.
kriya: kn. 1 ak. pakaryan, pagawean (kaya dene kêmasan, pandhe lsp); 2 tukang (kêmasan, pandhe lsp); 3 (têmbung [x]) têmbung kang mratelakake solah (tandang, tindak).
kriyak-kriyak: kn. swaraning mamah timun lsp.
kriyèk, kriyik: pating [x] pc. padha nywara tmr. kuthuk lsp.
kriyêk, kriyês: mak [x] pc. sanalika rêmuk (ditindhês lsp).
kriyin: êngg. kn. 1 dhisik; 2 biyèn.
kriyip-kriyip: kn. kêrêp kêdhèp sarta ciyut (tmr. mata).
kriyuk: I kn. cèrèt lêmah (gawean Cina). II [x]-[x] pc: saèm. kriyak-kriyak.
kriyung: mak [x] pc. sanalika kêbak (kêndhi lsp. kang diblêbêgake ing banyu); di-[x] pc: dikukup kabèh totohane.
krikil: kn. watu cilik-cilik; di-[x]: diurug ing krikil: [x]-an: papan kang diurug krikil, tumpukan krikilan.
(krikit): di-[x]-i kn. dicokoti saka sathithik.
krimi: (S) kw. ak. ulêr, cacing.
kriminil: (W) kn. prakara kang ginantungan ing paukuman.
krinan: pc. kêrinan.
krinjang: êngg. kn. kranjang.
krincing: pating [x], [x]-[x] kn. pêpindhan swaraning dhuwit lsp.
krincungan: kn. ak. mlaku mandhêg tumolih, mangu-mangu.
krinyis-krinyis: pc. nywara nyis-nyis (iwak digorèng lsp).
kring: I pc. 1 pêpindhan swaraning bèl pit lsp; 2 klinthing pit. II (W) pc: wêwêngkon, kukuban.
kringêt: kn. riwe ki. banyu mêtu saka ing kulit (ing awak); [x]-ên kn. riwènên ki: mêtu kringête.
kringêt buntêt: kn. pruntus-pruntus abang ing kulit.
kringgêk: pating [x] pc. padha obah kolèt-kolèt (menggak-menggok).
kringik: pating [x]: padha nangis lirih; kc. ringik.
kringkêl: pating [x] kn. padha rêringkêlan (ngringkêl); kc. ringkêl.
kringsing-kringsing: pc. garing bangêt.
kripik: kn. (ut. [x]-[x] gêtas gampang cuwil-cuwilane; 2 ar. panganan; 3 pc. ora pêngkuh (gampang bubrahe); kc. kumripik.
kris: br. kêris.

krisik: I [x]-[x] kn. 1 saèm. krêsêk-krêsêk; 2 pc. ora aras-arasên, sarwa cukat; kc. kumrisik. II [x]-an êngg. kn: klêsik-klêsik.
kristal: (W) kn. barang kang kênthêl maujud kaya bêling.
Kristên: kn. ar. agama yasane K.N. Ngisa.
--- 252 ---
kritig ~ kruwis-kruwis.
kritig: I [x]-[x] pc. padha mlaku êlur irit-iritan; kc. kumritig. II pating [x] pc: pêpindhan swaraning rambut diobong lsp. III (ut. kritik) (W) kn: panacad, panyampah; di-[x]: dicacad (diwaoni tindak-tanduke lsp), diudhar patrape lsp. ana ing layang kabar.
kriting: êngg. kn. brintik.
kricak: kn. bubukan watu.
kricik: pating [x] kn. pêpindhan swaraning dhuwit gathuk, ilining banyu lsp.
kriwidan: pc. dhuwit kang diwêtokake saka sathithik (bècèran).
(kriwik): [x]-[x] pc. pêpindhan swara ilining banyu kalènan lsp; [x]-an: kalènan cilik; [x]-an dadi grojogan pc: prakara cilik dadi prakara gedhe.
kriwil: I pating [x], [x]-[x] pc. pating cruwil. II kn: obènganing[18] pancadan kêna diundurake (tmr. pit).
kriwis-kriwis: êngg. kn. arang-arang.
(krubêng): di-[x] êngg. kn. dikubêng.
krubyuk: mak [x] pc. pêpindhan swaraning nyabrang ing banyu; ngrubyuk: nyabrang ing banyu.
krubut: I pating [x], [x]-[x] pc. padha nywara krêbêt-krêbêt (mlaku rikat lsp). II di-[x] kn: ditêmpuh lan dikroyok bêbarêngan; kc. kumrubut. III êngg. pc: brukut.
krudhuk: kn. 1 pc. tutup êndhas; 2 êngg. mêkêna (tutup êndhas); 3 êngg. tutup gulu.
krudhung: pc. kudhung, krodhong.
krugat-krugêt: kn. obah-obah.
krugêt: pating [x] kn. padha obah tmr. kewan cilik-cilik; kc. ugêt.
kruhun: kw. dhisik, biyèn.
kruya: êngg. kn. wit prih.
kruyak-kruyuk, kruyuk-kruyuk: pc. têka bêbarêngan nggrudug; kc. kroyok.
(kruyuk): di-[x] pc. dikrubut, dikroyok.
krukub: kn. 1 jarit lsp. kang dianggo nutupi (ngêmuli); 2 nganggo kêmul (tutup) jarit lsp; di-[x](-i): dikêmuli (ditutupi) ing jarit lsp.
(krukud): di-[x] kn. dikukudi kabèh; [x]-an: ngaya-aya tumandang ing gawe (ing wayah esuk).
(krukup): di-[x] pc. dikrukud.
kruma: kn. kewan lêmbut kang ana ing gudhig lsp.
krumpyang-krumpyang: êngg. ak. pêpindhan swaraning dhuwit lsp.
krumpyung: I kn. 1 (ut. [x]-[x]) pc. mbrêngêngêng, krêmpyêng-krêmpyêng; 2 bngs. angklung dilaras kaya gamêlan; di-[x] pc: 1 digrudug, dikrubut; 2 digrumung, dikrawus.

krun: (W) kn. (gambaran ut. pajangan, rêrênggan awujud) makutha.
krumpris: (W) kn. 1 pangeran adipati; 2 kang calon nggêtèni.
kruntêg: pating [x] pc. padha untêg-untêgan; [x]-ing ati pc: thukuling pangrasa (gagasan ing ati); kc. untêg, muntêg.
kruntêl: pating [x] pc. padha untêl-untêlan; kc. untêl, muntêl.
kruncilan: pc. kang cilik-cilik (tmr. wowohan lsp).
kruncung: pating [x] pc. tansah padha runtung-runtung.
krunyus-krunyus: pc. saèm. krinyis-krinyis.
krungkêb: kn. tiba mêngarêp (mêngkurêb); kc. rungkêb.
krungu: n. kêpirêng k. 1 tampa swara lantaran pangrungu; 2 kêna dirungu; kc. rungu.
krungsung-krungsung: pc. mèh umob; kc. krêngsêng-krêngsêng, kumrungsung.
krupyuk: mak [x] pc. pêpindhan swaraning dhuwit akèh ana ing kanthong; di-[x] pc: dirauk (tmr. dhuwit); kc. kropyok.
krupuk: kn. ar. lawuh gorèngan (kang digawe glêpung dicampur blêng, urang lsp).
krura: (S) kw. galak, bêngis, nggêgirisi bangêt.
krusak-krusêk: pc. tansah nywara krusêk-krusêk.
krusêk: pating [x], [x]-an pc. pêpindhan swara saèm. krêsêk-krêsêk.
krusuhan: pc. bingung, kuwur; kc. rusuh.
krusuk: I pating [x], [x]-[x], [x]-an pc. saèm. krêsêk-krêsêk. II di-[x] pc: 1 disasak (disusupi); 2 dibênêm, dikropok. III êngg. kn: bngs. wadhah kang digawe blarak dinam.
krustin: (W) kn. 1 pipa dalan kêbul (ing pabrik lsp); 2 pc. pipa, blombongan.
krutil: pc. rèmèh sapele; kc. krucil.
krutug: mak [x] kn. tibaning watu lsp. akèh bêbarêngan, di-[x]: 1 dibalangi (dibêdhili lsp); 2 (-ing ujar) pc. disrêngêni, diujar-ujari.
krutuk-krutuk: pc. saèm. rêkêtêk-rêkêtêk.
krucil: kn. ak. cilik(-an); wayang [x]: wayang cilik; [x]-an: kang cilik-cilik (tmr. wowohan lsp).
krucuk-krucuk: kn. pêpindhan swaraning banyu mancur lsp.
kruwad-kruwêd: pating kruwêd kn. pating sliwêr.
kruwat: êngg. pc. kluwat.
(kruwêk): di-[x] kn. dikêrok, digraut nandhês; kc. krowok.
kruwêl: pating [x] pc. padha uwêl-uwêlan; kc. kuwêl, uwêl, muyêl.
kruwês: mak [x] pc. katêranganing nêkuk (mungkus lsp) rêrikatan; di-[x]: ditêkuk (diwungkus, dipèjèt lsp) rêrikatan.
kruwik: I êngg. kn. goci (wadhah jênèwêr). II di-[x] pc: dicuwik.
kruwil: pating [x] pc. pating cruwil (ora wutuhan).
kruwing: kn. dhêmpul dianggo ngrapêtake bolongan lsp. ing prau; di-[x]: dirapêtake nganggo kruwing (bolongan ing prau lsp).
kruwis-kruwis, kruwit-kruwit: kn. ak. arang-arang (tmr. rambut, tanduran lsp).
--- 253 ---
kruwuk ~ ksodra.

kruwuk: pating [x], [x]-[x] kn. nywara pating klukuk (tmr. wêtêng lara).
kruwun-kruwun: kn. ak. arang-arang (tmr. rambut lsp).
kruwung: mak [x] pc. katêranganing nyidhuk ing banyu lsp.
kruwut-kruwut: kn. ak. krubyuk-krubyuk; ngrobyok ak: ngrubyuk; di-[x]-ake ak: dikobokake.
(krobyok): di-[x] kn. ak. digrubyug, dinunuti.
(krobok): di-[x]-ake kn. ak. dikobokake (sikile).
(krobong): di-[x](-i) kn. ditutupi (dilêtlêti) ing klambu lsp; [x]-an êngg: 1 sênthongan; 2 sênthong têngah; 3 papan kang dikrobongi (dianggo nêtaki lsp); kc. krodhong.
(krojong): di-[x]-i kn. ak. dirojongi, dirujuki; kc. rojong.
krodha: (S) kw. nêpsu bangêt, muring.
krodhèn: (W) êngg. pc. gêbêr, gubah.
krodhong: kn. gêbêr (klambu lsp) kang dianggo tutup; [x] bayi: klambu tutup bayi turu (kojong); [x] diyan: tutup diyan (kang digawe sutra lsp); di-[x]-i: ditutupi ing krodhong.
krogèl: pating [x] kn. padha mogèl-mogèl (kolèt-kolèt); kc. mogèl.
kroya: engg. kn. wit prih.
kroyag: pating [x] pc. padha oyag-oyag (ora kukuh).
kroyok: êngg. kn. koyok (bngs. kècu); di-[x]: 1 ditêmpuh bêbarêngan wong akèh, dikrubut; 2 ditandangi wong akèh; [x]-an: 1 kêrêngan lsp. krubutan; 2 bêbarêngan tumandang; 3 sawah lsp. kang digarap wong akèh.
krokèt: (W) kn. cacahan iwak lsp. dicampur kênthang.
(krokos): di-[x] pc. digêrtak, dipak lan disêpèlèkake.
krokot: I kn. ar. têtuwuhan. II di-[x](-i) êngg. pc: dibrakoti.
(kromyos): di-[x] pc. dinyunyuk ing gêni (tmr. lêmud lsp); kc. kumromyos.
kromohan: êngg. kn. 1 gombalan (momohan); 2 rèmèh, ora ana ajine.
kromong: êngg. kn. ar. gamêlan saèm. bonang.
krompal: pating [x] pc. padha amoh (klambi lsp).
krompang: pating [x], [x]-[x] pc. wis padha rompang (rusak); kc. rompang.
krompyang: mak [x] kn. pêpindhan swaraning bala-pêcah lsp. tiba.
krompyong: mak [x] kn. mak krompyang.
krompol: pating [x], [x]-[x], kêkrompolan kn: padha ngumpul dadi siji; ngrompol: ngumpul dadi siji.
kronjo, kronjot: êngg. kn. kranjang gêdhe.
krondhah: pating [x], [x]-an pc: rêkasa ênggone nggawa (barang kang dawa lsp).
krondho: êngg. kn. kronjo.
kronèhan: kn. klorèhan, kakehan rêngkèg.
kronong: êngg. kn. 1 gêlang kroncong; 2 gêntha sapi.
kroncal: pating [x], [x]-an kln. pating gronjal, gronjalan.
kroncong: I kn. 1 gêlang sikil; 2 gêlang tangan têtumpukan sapirang-pirang. II kn: ar. têtabuhan (binarêngan ing lêlagon Mlayu); [x]-an:

padha kasukan nabuh kroncong. III di-[x] kn. ak: disokake ing kukusan (tmr. bêras); kc. kroncong.
kronyos: mak [x] pc. nywara mak cos (iwak digorèng lsp).
krongkongan: êngg. kn. gorokan.
krongsi: êngg. kn. kursi.
kropak: kn. 1 godhong lontar(tal); 2 layang (kuna) kang tinulis ing lontar.
kropyak: mak [x] pc. katêrangan swaraning kayu lsp. têmpuk.
kropyok: kn. 1 (pating [x]) pating krupyuk (dhuwit ing kanthong lsp); 2 (dibayar [x]) dibayar kêncèng.
kropok: I êngg. pc. 1 gropok, gapuk; 2 ora kukuh. II di-[x] kn: dibênêm (dibakar); kc. kumropok. III di-[x] êngg. kn. dikrubut, dikroyok.
kropos: kn. gropok tanpa isi, kopong, ora padhêt.
krorèhan: kn. ak. krorèhan.
krosa: (S) kw. ak. mbêngok, nggêro.
krosak: mak [x] kn. pêpindhan swaraning godhong garing kêtiban watu lsp.
krosi: êngg. pc. kursi.
kroso: kn. bngs. kranjang kang digawe nam-naman blarak.
krosok: kn. 1 (mak [x]) saèm. krusuk, krosak; 2 êngg. pc. kang kasar ut. agal (tmr. wêdhi lsp); 3 godhong têmbako kang digaringake (kang ora pati bêcik).
kroto: I kn. 1 êndhog ngangrang; 2 kêmbang so. II êngg. kn: bngs. kreta dianggo momotan.
krotog-krotog: kn. ak. padha gogrog (tiba) bêbarêngan; kc. krutug.
kroco: kn. 1 bngs. keyong cilik; 2 pc. nistha, tanpa aji.
(krocok): di-[x] êngg. pc. 1 ditumbaki (disuduki wong akèh; 2 dikroyok (tmr. panggawean).
krowak: pc: cowal amba.
krowal: pating [x], [x]-[x] kn. growal-growal, wujud gêgêmpalan; 2 pc. kasar (tmr. têtêmbungan, gunêman).
krowèk: pc. krowak, krèwèk.
krowodan: kn. wowohan lan janganan (kyt. tela, jlegor lsp); ngrowod: sêsirik mung mangan krowodan.
krowok:I kn. cowal akèh, ing têngah growong; di-[x]: 1 dibolong ing têngah, dicowal; 2 pc. dilongi, dicowok. II [x]-[x] kn: pêpindhan swara tibaning banyu mancur lsp.
ksaya: (S) kw. ak. rusak, sirna.
ksama: (S) kw. ak. pangapura.
ksana: (S) kw. ak. sanalika, sadhela; kc. saksana.
ksatriya: (S) kw. ak. satriya.
ksema: (S) kw. ak. rahayu, têntrêm.
ksira: (S) kw. ak. pêrêsan (puhan).
ksiti: (S) kw. ak. lêmah.
ksodra: (S) kw. ak. madu.
--- 254 ---
kwa ~ lajita.

kwa: kw. ak. mêngkono.
kwaga: kn. ak. kuwaga.
kwagang: kn. ak. kêlas, kuwat; kc. kuwagang.
kwaya: kn. ak. kuwaya.
kwalahên: kn. ak. kuwalahên.
kwalèn: êngg. kn. kuwali.
kwalipikasi: (W) kn. katêrangan wêwijangane.
kwalitèt: (W) pc. kaanan dhasaring barang lsp.
kwan: kw.. kon.
kwantitèt: (W) pc. kèhe.
kwasa: pc. kuwasa, kawasa.
kwatir: n. kwatos k. pc. kuwatir.
kwaci: (C) kn. asinan wiji sêmangka.
kwawa: kn. ak. kuwawa.
kwèh: kw. akèh.
kwèni: kn. bngs. pêlêm.
kwitansi: (W) pc. layang pratandha wis tampa dhuwit.
kwolu: kn. ak. kawolu.
kwowogên: pc. kuwowogên.
kwoworan: kn. ak. kaworan, kêcampuran.

1. palêmahan.
2. lêlara ing.
3. wit.
4. sanyata.
5. tangan.
6. kêjêngkêlit.
7. mêmpêng.
8. lsp.
9. luput.
10. dikêprukake.
11. Huruf Jawa: angka 5.
12. karo.
13. kc.
14. kagunan alus.
15. wêngi.
16. swara.
17. sanalika.
18. ubênganing.

L

la: I pc.wangsulane yèn diundang (wc. kula). II pc: (lah) têtêmbungan kanggo ngantêbake surasa.
(lah): ka-[x]-an kw. kêleban, kêlêban.
laba: (S) kw. bathi, kauntungan, kabêgjan.
labah: êngg. kn. labuh (mangsa ngarêpake rêndhêng).

laban: I kn. ar. wit. II êngg. kn: gêjliganing tambak. III kw. ak: kilat, thathit.
labas: êngg. kn. êntèk babar pisan (ing sanalika bae); [x]-an êngg: 1 ar. mainan cêki; 2 butulan, têrusan.
labda: (S) kw. 1 kalêksanan, katurutan; 2 pintêr marang sawijining prakara ut. kawruh; kc. lêbda.
labdajaya: (S) kw. ak. olèh kamênangan.
labdajiwa: (S) kw. ak. 1 urip manèh; 2 ar. têmbang gêdhe.
labdagati: (S) kw. ak. kalêksanan kang disêdya.
labdakarya: (S) kw. ak. rampung ing gawe.
labdawara: (S) kw. ak. rampung pamilihe (olèh sih).
labêh: êngg. k. labuh.
labêt: 1 kn. tipak, tilas; 2 êngg. k. tatu; 3 labuh (jasa, panggawe bêcik); 4 kn. marga saka, kagawa saka; 5 êngg. k. labuh (mangsa ngarêpake rêndhêng); 6 (jawah [x]) êngg. k. udan awu; 7 êngg. k. labu.
lab-lub: kn. katêranganing ngêclup ut. nyêmplung.
labu: I kn. ar. woh bngs. bligo. II kw. ak: tiba, jugrug, rusak.
labuh: I 1 kw. tiba, runtuh, rusak; 2 ([x] jangkar) kn. nibakake jangkar arêp lèrèn tmr. prau; di-[x]: dicêmplungake ing (kawah, sêgara lsp) kanggo sêsaji; pa-[x]-an: papan sing dianggo labuh. II kn: 1 ([x] kapat) mangsa ngarêpake rêndhêng (Sèptèmbêr, Oktobêr); 2 êngg. wiwit nggarap sawah; 3 êngg. wiwit; [x] adang: wiwit adang; di-[x]-i êngg: diwiwiti. III n. labêt k: gawe jasa karana mèlu nandhang lara-lapa; [x] nêgara: ngêtohake jiwa-raga amrih karaharjaning nêgara; [x] pati: ngêtohake patine kanggo ing liyan; ng-[x]-i: mèlu nandhang lara-lapaning liyan, ngêtohake jiwa raga marang; lêlabuhan: jasa, kabêcikan.
labur: kn. jur-juran gamping; di-[x]: diputih nganggo labur.
laburan: (W) kn. 1 (laboratorium) papan kanggo mriksa obat lsp; 2 tukang ngadoni obating gula lsp.
labrag: di-[x] kn. 1 (ut. [x]-an) digarap kasar-kasaran; 2 dilurugi disrêngêni (diujar-ujari); 3 dipilara.
(lad): ang-[x] kw. ngiris, mapras.
ladak: kn. angkuh, pambêkan; [x] kêcêngklak pr: wong ladak nêmahi kacilakan marga kalakuane; [x] kêwarisan pr: sênêng ngêpak ing liyan, nanging tansah slamêt bae; di-[x]-i: dipoyoki njalari nangis (muring).
ladan: êngg. pc. luwih-luwih.
ladat: (A) kn: mirasa, nikmat.
ladèn: n. ladosan k. 1 juru ladi, wong sing ngladèni; 2 nulungi nyambut gawe (pista lsp); 3 apa-apa sing diladèkake; kc. ladi, lumadi.
(ladi): lêladi n. lêlados k. nyênyawisake lan kaulungake marang (ing sajroning pista, nyambut gawe lsp); ngladèni: 1 nyawisake (ngaturake) apa-apa marang; 2 nuruti apa sing dikarêpake ing liyan; ngladèkake: ngaturake marang, nyawisake lan kagawa marang; lêladèn: apa-apa sing diladèkake marang.

lading: I kn. piranti dianggo ngiris-iris; kc. peso. II [x]-ên êngg. pc: sêdhih, tansah kuwatir.
(laduk): di-[x]-i kn. diwuwuhi akèh; ke-[x]: kakehan, kêluwihên; kc. lajuk.
(lados): k. ladi.
ladrag: ng-[x] êngg. kn. nggluyur kaya palanyahan.
ladrang: (ut. [x]-an) kn. 1 ar. wanguning wrangka; 2 ar. gêgolonganing gêndhing.
(ladrêg): ng-[x] êngg. ak. rêgêd mblêdêr.
(ladya): br. ladi.
laja: I êngg. kn. laos. II (S) kw. ak: wirang, isin.
lajar: êngg. k. luku.
lajêng: I k. 1 banjur, têrus; 2 layu; lêlajêng êngg. k. lêlayu. II êngg. k: payu.
lajêr: kn. 1 oyod sing pokok; 2 congkok uwat-uwating bêndungan; 3 panggêdhe, pangarêp sing baku; 4 êngg. dhasar, kang dadi bêbaku.
lajim: (A) êngg. kn. 1 slamêt, têtêp lêstari; 2 lêbda, pintêr ing; 3 lumrah ing akèh; 4 (ut. lajin) êngg. k. banjur lajita (S) kw. ak: wirang, isin.
--- 255 ---
laju ~ laip.
laju: kw. 1 têrus, banjur; 2 maju (mlaku) bantêr, gancang; 3 banjur, nuli; di-[x] kn: 1 dirikatake lakune, digancangake; 2 diuja, diêtogake sakarêpe; kc. lajo, lajon.
(lajuk): ke-[x] kn. kêladuk, kêlacut.
lajur: kn. ujuring lêlarikan nurut dawane; [x]-an: 1 (awujud) larikan dawa; 2 lonjoran pring.
(lajo): ng-[x] kn. 1 mênyang ing panggonan (nyambut gawe, sanja) tulak (ora nginêp; 2 êngg. sanja.
lajon: I kn. 1 tulakan (sadina mulih) tmr. nyambut-gawe ut. sanja; 2 pasanjan; 3 (ut. lêlajon) kamanuhan, saradan, kagehan; kc. lajo. II êngg: bantêr ajune, gancang; kc. laju.
ladha: kn. ak. mrica.
ladhang: êngg. kn. ludhang, lêga, kobêr.
ladhat: ut. [x]-an kn. 1 têmahan, wasanane; 2 gadhangan dadi.
ladhêg: êngg. kn. lêthêk bangêt.
ladhu: kn. 1 walêd saka ing gunung gêni kang katutu ing banjir; 2 pc. banjir; 3 pc. olèh kamênangan akèh (ing mainan kêrtu); 4 êngg. ar. punggawa desa sing ngurus bab pangêduming banyu; pa-[x](pladhu): banjir ladhu; kêladhon: kêbanjiran ing ladhu.
ladhug: êngg. kn:mblêthok jêro tmr. sawah; di-[x] ks. diwori turu.
ladhon: I (lêmah [x]): wêdhi saka ing ladhu. II [x] cacaran kn: cacar sing thukul sabakdane dicublik (dicacar).
lae: dhuh [x] pc. wah! (pasambat marga sêdhih, susah).
laen: êngg. pc. liya, beda; kc. lain.
laetulkadar: (A) kn. wahyu kabêgjan.
lafal: (A) kn. kc. lapal.

laga: I ut. lêlaga kn. solah-tingkah, tandang-tanduk; dilêlaga: dibêbeda, diiming-imingi, dipêpengin. II kw: pêrang; a-[x], ma-[x], pra-[x]: lêlawanan pêrang; palagan: papêrangan. III (A) kn: muspra, ora absah.
lagag-lagag: kn. lakak-lakak (gumuyu sêru).
lagak: êngg. kn. lêlaga, solah-tingkah, cengkoking pratingkah; [x]-e kaya: sajake (pratingkahe) kaya.
lagan: I êngg. kn. prabot pirantining pawon. II êngg. kn: karo; [x]-[x] êngg: lêladi, juru-ladi; di-[x]-i: diladèni; 2 dipitulungi, direwangi tumandang, up. nalika duwe anak di-[x]-i êmbahne.
laganu: êngg. pc. dhèk anu, nalika sêmana.
lagang: pc. gêlis gêdhe; kc. walagang.
(lagar): ng-[x] kn. 1 ngobong sukêt (alang-alang lsp) ing alas; 2 nunggang jaran tanpa lapak; [x]-an: 1 alas sing wis dilagar; 2 tanpa lapak tmr. nunggang jaran; 3 pc. tanpa kêris ut. tampa slendhang.
lagehan, lageyan: kn. solah-tingkah sing wis dadi kamanuhan.
lagèk: pc. lagi.
lagêp: êngg. arêp.
lagi: I n. sawêg k: 1 nêdhêng-nêdhênge tumandang, up. kowe [x] apa?; 2 ing mangsa (wêktu) sing mêntas kêlakon, up. ênggone lunga [x] dhèk Sêlasa: 3 trêp ngêmungake, up. anggonku maca [x] ping sapisan; 4 ngêmungake ing nalika, up. [x] iki aku tumon wong kaya ngono; 5 êngg. dhèk biyèn, up. kaya ing [x]; 6 (ut. [x]-a, sa-[x]-ne) sênadyan, sênadyana; [x]-[x]: 1 kw. biyèn; 2 pc. mêntas bae, anyaran. II pc: isih ana (tmr. main kêrtu). III kw: wong tapa; kalagèn, kalagyan: patapan.
lagis: kn. 1 tanpa imbuh ut. tanpa lanjar;; 2 lêgèh, ora nggêgawa; 3 tanpa pituna lan tanpa bathi.
lagya: br. lagi.
lagna: (S) kw. lêgêna, wuda.
lagnyana: kw. 1 aksara lêgêna (tanpa sandhangan); 2 wanda pungkasaning pada têmbang sing tanpa sandhangan.
lagu: I ut. lagon kn. cengkoking gunêman (têmbang, gêndhing) êlak-êluking têmbang (gêndhing); dilagokake: diucapake (maca, nêmbang) miturut lagune. II (S) kw. ak: 1 bantêr; 2 ènthèng, cêkak tmr. swara ut. aksara ing têmbang gêdhe; kc. guru-lagu.
lagur: êngg. kn. blandar (palang) krêtêg, pyan lsp; kc. galur.
lah: kn. têmbung sabawa kagèt, bungah lsp.
laha: I êngg. kn. 1 kêre; 2 pring iratan diênam dianggo sero; di-[x]: dipagêri ing laha (kanggo pasangan iwak ing sêgara). II ng-[x] kn: 1 lêgèh, tanpa gawan, ngglendhang; 2 suwung, up. dina ng-[x] (dina ora ana karamèan); lahan êngg: 1 suwung ora tinanduran; 2 barès, wantahan; lêbar lahan pr: tanpa ana kêdadean, tanpa tilas; lahanan, lêlahanan: 1 lêgèh, tanpa nggêgawa; 2 tanpa mbayar (wragad).
lahang: êngg. kn. lêgèn; [x] karoban manis pr: bêcik rupane tur bêcik bêbudène.
lahar: I kn. êndhut panas saka ing gunung gêni. II wis [x] êngg. pc: lumrah, pancèn mula; kc. lakar.

lahêng: kw. aluwung.
lahya: br. lai, lêlai.
lahuyang: kw. ak. suwiwi.
lahru: kw. mangsa katiga; kêlahron: kêsrakat.
lai: 1 (ut. lêlai) kn. saradan, lageyan ala; 2 êngg. nakal tmr.jaran; ciri wanci lêlai ginawa mati pr: kalakuan ala ora bisa mari.
la ilaha illa'llah: (A) kn. (ora ana Pangeran kajaba mung Allah) têmbung sabawane gumun lsp.
lailatul kadri, laitul kadri: (A) kn. wahyu kabêgjan (barkahing Allah).
lain: êngg. kn. 1 liya, seje; 2 mokal, nglêngkara.
laip: (A) kn. 1 ringkih, sèkèng; 2 mlarat
--- 256 ---
kêsrakat; 3 br. lara; ke-[x], ke-[x]-an: kêsrakat, kêkurangan pangan, kalirên.
lair ~ laknat.
lair: I (A) kn. 1 mung katone ing jaba, kb.. batin; 2 wadhag, kang dudu batin, up. kawruh [x], prakara [x]: di-[x]-ake: diwêdharake ing gunêm: ke-[x]:kawêtu, kawêdhar; ka-[x]-an: laladan ing lair kb. kabatinan. II kn. misos[1] ki: mêtu tmr. jabang bayi; ng-[x]-ake: ngêtokake jabang bayi; [x]-an kn. wiyosan ki: 1 anggone lair; 2 titi mangsa anggone lair; ka-[x]-an: papan anggone lair.
lair-batin: kn. jaba jêro, lair kalawan batin, têrusing ati.
lair-mula: n. lair-mila k. wiwit lair tumêka ...
lais: êngg. kn. barangan.
laya: I (S) kw. 1 rusak, sirna; 2 mati. II lêlaya (mlaya, nglaya) kw: lêlana, lunga midêr-midêr. III (S) kw: panggonan, padunungan,
layad: (ut. ng-[x], ng-[x]-i) kn: mara (tilik) mênyang panggonane wong kang mêntas kasangsaran (kêsripahan, kêmalingan lsp); dadi [x]-an: nêmahi kasangsaran.
layah: kn. saèm. cowèk nanging rada gêdhe.
layak: kn. 1 pantês, patut; 2 ([x] ta, [x] bae) mèmpêr bae, pancèn mèmpêr; 3 êngg. bok mênawa; kc. ayak.
layan: kn. 1 luwêng cilik sisihane luwêng gêdhe sing dianggo adang, lumrahe dianggo nggodhog banyu kang arêp dianggo ngaru; 2 sisihan ut. timbanganing pikulan, up. sa-[x] (sasisih tmr. pikulan); 3 êngg. lawan, karo, lan uga; di-[x]-i: 1 dilawan, ditanduki, ditimbangi; 2 digarap (dirêmbug) kalawan têmên-têmên; lêlayanan êngg: lêlawanan; kc. kalayan, lumayan.
layang: n. sêrat k: 1 dluwang kang tinulisan dikirimake minangka gantining rêrêmbugan; 2 buku kang ngêmot crita lsp; di-[x]-i: dikirimi layang; [x]-[x]-an, lêlayangan: kirim-kiriman layang; pa-[x]-an kn: 1 upas pos; 2 (sawah pa-[x]-an) sawah sing dadi darbèking desa. II ng-[x] kn: 1 mabur tanpa kêbêt-kêbêt; 2 lêlana, nglaya; [x]-an: 1 ar. dolanan awujud dluwang didokoki ragangan diulukake tinalenan ing kênur (bolah); 2 (ut. lêlayangan) dolanan layangan; 3 wayangan, wêwayangan; ora kêna kêpidak [x]-ane pc: ladak bangêt; [x]-[x]-an: 1

mabur nglayang; 2 ngumbara, lunga ijèn; mentar pa-[x]-an br: ngumbara, lêlana.
layang-biwara: n. sêrat-biwara k. layang palapuran bab colong-jupuk sing kawènèhake marang kang kelangan, kang kelangan banjur wênang nggolèki.
layang ibêr-ibêr: n. sêrat ibêr-ibêr k. (ut. layang-ibêran) layang kiriman.
layang-idêran: n. sêrat-idêran k. layang sing diubêngake, sèrkulèr.
layang kabar: n. sêrat-kabar k. layang kang ngêmot pawarta apa-apa sing mêntas kêlakon ut. ngêmot kawruh sing cêpak-cêpakan.
layang-wacan: n. sêrat-waosan k. buku ngêmot crita lsp.
layap: br. kaanan rumamyang ing nalikane arêp turu; [x]-[x] kn. satêngah turu, turu sing isih wêruh (krungu) apa-apa; ng-[x] ks: lunga saparan-paran; sa-[x]-an: salêsan tmr. turu.
layar: kn. 1 motha kanggo nampani panêmpuhing angin supaya praune bisa mlaku; 2 motha dianggo aling-aling lsp; 3 (ut. lêlayaran) lêlungan nunggang prau, mangkat tmr. prau; 4 ar. sandhangan ing aksara Jawa ( ); ng-[x]-i: 1 lêlayaran ing; 2 êngg. lunga mênyang ing panggonaning liyan prêlu arêp njêjaluk ut. njêjupuk; pa-[x]-an: babagan lêlayaran; tuju [x]-an: ar. tuju (guna gawe).
layat: I lumayat kw. lumayu, lunga; ke-[x]-an kn. 1 katinggal lunga; 2 kasèp, kêsuwèn, kèri. II kc. layad.
layu: I kw. 1 alum; 2 mati; sirna marga [x] br: ilang mati; layon: 1 kn. kêmbang kang wis layu; 2 ki. mayid, bangke. II lumayu n. lumajêng k. mlaku bantêr; nglayoni: 1 lumayu nututi; 2 nêbus barang gadhean sing wis mèh lêbur; kc. mlayu, klayu. III lêlayu kn: 1 tumbak ing pucuke mawa gêndera cilik; 2 utusan, duta.
layung: kn. mega kuning ing wayah sore ngarêpake surup; [x]-[x] br: nangis ngandik-andik; ng-[x]: pucêt marga sêdhih ut. lara.
layur: kn. ar. iwak sêgara.
layon: 1 kn. kêmbang sing wis alum; 2 ki. jisim, bangke; 3 kw. mati; kc. layu I.
layos: êngg. kn. tratag, omah tambêlan.
laywa: br. layu.
laywan: kw. layon.
lak: I kn. bangsaning jabung warnane abang. II ut. [x]-[x]-an kn: tulakan, rolak, kalènan ing bêndungan lsp. III [x]-[x]-an kn: têlak.
laka: I êngg. kn. langka, ora ana. II (S) kw: warna abang; linaka: diêcèt abang.
lakak-lakak: kn. gumuyu cêkakakan.
lakang: pc. wlakang.
lakar: I êngg. kn. apa-apa sing dadi bêbakaling dandanan; di-[x]-i: dibakali, diprèjèngi balok lsp; [x]-an: cêngkorongan, isih dilakari. II kn: mula nyata, dhasar nyata.
lakèn: ut. lêlakèn kn. sanggama tmr. kewan; kc. laki.
lakên: (W) kn. sêngkêlat.
lakêt: kw. rakêt, krakêt; [x]-an: bêras kêtan.

laki: I kn. garwa ki. bojo (sing lanang); 2 (a-[x]) kn. krama ki. omah-omah tmr. wong wadon; dilakèni: disanggama tmr. kewan; dilakèkake ks: dijodhokake, diomah-omahake; kc. palaki.
laki-bi, laki-bini: kw. laki rabi (lanang wadon).
laki-rabi: kn: 1 jêjodhoan lanang wadon; 2 bab jêjodhoan.
lakya, lakwa: br: laku.
laklak: êngg. kn. (dipangan) mêntahan.
lak-lakan: kn. 1 êngg. tulakan, kalenan sing anjog ing sawah lsp; 2 têlak; kc. lak.
laknat: (A) kn. sumpah, supaya, sot.
--- 257 ---
laknatullah ~ lalêr-wilis.
laknatullah: (A) kn. (supataning Allah) setan, eblis.
laku: n. lampah k. 1 (tindak ki) obah maju sarana napakake sikil; 2 tumindak, obah maju, ora mandhêg, up. [x]-ning sêpur; [x]-ning dhuwit; 3 (tindak ki) lêlungan; up. tumuli mbanjurake [x]-ne; 4 kawajiban nindakake ayahan kraton, up. nggantung [x], nampa [x]; 5 cara, patrape anggone nindakake, up. durung ngêrti [x]-ne etungan iki; 6 patrap, solah-tingkah, up. ngênggoni [x]-ning satriya; 7 sêsirik ut. tapabrata, up. turune wong ahli [x]; 8 êngg. payu, up. jarit iki yèn diêdol ana ing Sala ora [x]; 9 kèhing wanda ing dalêm sapada tmr. têmbang gêdhe, up. têmbang Witana kuwi [x] wolu; kalah (mênang) [x]; kalah (mênang) atas tmr. main; kêputungan [x] pr: kandhêg marga kêkurangan sarana; oleh [x]: bisa gampang ênggone nyambutgawe; lêlaku: 1 lêlungan (adoh); 2 sêkarat, wis ndungkap mati; [x]-[x]-ne: 1 cara-carane, pratikêle; 2 tata urut-urutane lêladèn lsp; lumaku, mlaku n. lumampah, mlampah k: 1 (tindak ki) obah maju sarana njangkahahake sikil; 2 tumindak obah (ora mandhêg), up. sêpure wis mlaku; 3 kang lagi linakonan tmr. taun, up. umure si Amat nêm taun mlaku; 4 nindakake pakaryan, up. wong mlaku ing gawe kuwi ora kêna sêmbrana; nglakoni: 1 ngambah (lumaku) ing; 2 nindakake, ngêcakake, up. nglakoni agama Islam; 3 nandhang, nêmahi, ngalami, up. aku mono mung sadêrma nglakoni; 4 nindakake tapa-brata (sêsirik lsp), up. lagi nglakoni ora mangan iwak ambêkan; nglakokake: 1 akon (gawe) supaya mlaku, up. nglakokake montor; 2 ngangkatake, mbudhalake, kongkonan, up. nglakokake prajurit (utusan lsp); 3 nindakake, ngêcakake, up. nglakokake ngèlmu kêdhaton; 4 nganakake dhuwit; pa-[x] n. palampah k: 1 wong kang dikongkon; 2 dhuwit opahan wong sing dikongkon; kê-[x] n. kêlampah k: lumrah ditindakake ing wong akèh; ka-[x]-an kn: solah-tingkah (patrap) sing mêtu saka ing dhêdhasaring watak; kc. lakon.
laku-bêngi: n. lampah-dalu k: lêlungan ing wayah bêngi.
laku-bokong: (dhodhok) n. lampah-bokong (dhodhok) k: ndhodhok banjur lumaku.
laku-dagang: n. lampah-dagang k. nindakake pakaryan dagang (dêdagangan).

laku-gawe: n. lampah-damêl k. êngg. duwe kawajiban nindakake pakaryan nêgara (gugur-gunung).
laku-ngiwa: n. lampah-ngiwa k. sèdhèng.
laku-prau: (sêpur lsp) n. lampah baita (sêpur lsp) k: (lêlungan) nganggo nunggang prau (sêpur lsp).
lakon: n. lampahan k. waktu sing dianggo mlaku, up. Sêmarang kuwi saka kene [x] sêdina; 2 crita ing wayang lsp; up. [x] Sêmbadra larung; 3 saprangkat (sasêtèl) tmr. panah ut. kêrtu; lêlakon n. lêlampahan k: 1 apa-apa sing kêlakon; 2 crita, lakon; 3 bêgja-cilaka sing tinêmah (sinandhang): 4 pangkat ut. pakaryan sing dilakoni, up. nggêntèni lêlakone wong tuwane; kêlakon n. kêlampahan k: 1 wis tumindak (dilakoni, wis kêpungkur); 2 kêturutan sêdyane, kalêksanan.
laksa: I (S) kw. lak. II kw: 1 tuju, ênêr; 2 laku; lumaksa: lumaku; ang-[x]: ngênêr, nuju. III kn. ak: 10 ewu; kc. lêksa. IV kn. bngs. mihun.
laksana: I (S) kw. 1 ciri, têngêr, pratandha, ngalamat; 2 kabêgjan. II kw: laku, laku: lumaksana: lumaku; kc. laksana.
laksita: (S) kw. 1 (kacihna, kawêruhan) laku, kalakuan; 2 laku tapa.
laksya: I kw. kc. laksa. II (S) kw: katuju, kaênêr; laksyan: lesan, tujuan.
laksmana: (S) kw. bêgja, kabêgjan.
laksmi: (S) kw. endah, ayu.
laksmiwati: (S) kw. (sugih endah) endah bangêt, bêgja bangêt.
lakwa: br. laku.
lala: di-[x] pc. diêla-êla.
lalah: ut. [x]-an kn. 1 wowohan (gêgodhongan) mêntah kang dianggo lawuh mangan; 2 kayu bngs. paju dianggo nêsêli kayu sing arêp disigar; di-[x]-i: disêsêli lalaban.
(lalad): [x]-an kn. 1 tlatah, wêwêngkon; 2 solah tingkah kang dadi dhadhakan, patrap.
lalah: kw. luluh, lèlèh, jêmèk; [x]-an êngg. kn: leleran (mung kari nanduri tmr. sawah).
lalahan: (an) kn. lêlahanan, tanpa mbayar.
lalai: kn. saradan, kamanuhan; kc. lai.
lalay: kw. ak. lali.
lalayan: kw. pagêr bata, bètèng.
lalaluya: kn. kurang wêweka.
lalalucu: kn. sêmbrana, lêlucon.
lalana: (S) kw. 1 ngenggar-enggar, sênêng-sênêng; 2 midêr-midêr, lêlungan njajah.
lalang: kw. alang-alang.
lalar: kn. dhangkal (rêrêgêd) sing lumèngkèt ing kulit; ng-[x]: 1 ngrêsiki lalar sarana digosok; 2 niti-priksa, nyêtitèkake, ngurus; 3 akèh dhangkale; 4 êngg. nggluyur; kc. klalar.
lalaran: n. sêsakitan k. wong ukuman; kc. lara.
lalasa: kn. ar. têtuwuhan.
lalatha: (S) kw. bathuk, maèsi bathuk.
lalawa: kw. lawa.

lalawora: kn. 1 rèmèh, tanpa têgês; 2 gunêm sing awuran (tanpa têgês).
laleyan: kw. kc. lalayan.
lalèn: n. kêsupènan k. gampang laline; kc. lali.
lalêh: (a-[x]) kw. ak. endah, asri.
lalêr: kn. ar. kewan ibêran sing dadi sèt; cumbu [x] pr: inggatan; ng-[x]: (wêwatakane) kaya lalêr.
lalêr-mencok: kn. brêngos sing pucuke kiwa têngên rada kandêl sing têngah tipis.
lalêr-mêngêng: kn. ar. gêndhing.
lalêr-wilis: kn. lalêr sing warnane ijo; ng-[x]: 1 (kaya lalêr wilis) nguthuh, ora idhêp isin; 2 warna ijo sêmu wungu.
--- 258 ---
lali ~ lamus.
lali: n supe k. 1 ora kèlingan; 2 ora eling (ing nalikane sêmaput); dilêlali, dilali-lali br: disamur-samur murih aja kèlingan; kêlalèn n. kêsupèn k. kalimêngan ki: kêkilapan, ora kèlingan.
lali-jiwa: kn. ar. pêlêm.
lalilah: êngg. pc. la ilaha!
lalim: kn. ak. bêngis, ambêk siya.
lalis: kw. 1 lunga, ilang; 2 mati; wêlas têmahan [x] (kêlantur wêlas tanpa alis) pr: wêlas marang wong kang ndadèkake sangsarane; linalisan: pinatenan.
lalita: (S) kw. 1 ayu, endah; 2 bungah-bungah, sênêng-sênêng.
lalita-wisama: (S) kw. ar. têmbang gêdhe.
lalitya: kw. kc. lalita.
lalya: br. lali.
lalu: I 1 kw. liwat; 2 êngg. banjur, têrus; ka-[x] kw: kaliwat, kêluwih-luwih. II ng-[x] kn: njarag mati, matèni awake dhewe. III kc. milalu, pilalu.
lalu-mangsa: kn. wis kasèp.
(lalun): ka-[x] kw. kanyut ing ombak, katut; kc. alun.
lalon-lalon: kn. tekadan; kc. lalu III.
lalos: êngg. k. lali.
(lam): kc. lamlam.
lama: 1 kw: lawas, suwe; 2 êngg. k. lawas.
lamad: ut. [x]-[x] kn. sawanging kêmangga lsp; kc. lamat.
lamak: I kw. gajih; dhèndhèng [x] kn: dhèndhèng kang katutan gajih. II 1 kw. lèmèk; 2 kn. babag, timbang, padha kasantosane; 3 lumrah (ora monjo); di-[x]-i: 1 dipadhani, ditimbangi; 2 ditandhing-tandhing; di-[x]-ake: 1 dianggêp padha karo; 2 disêpèlèkake, diêpak.
(lamar): ng-[x] kn. 1 nakokake wong wadon arêp dipèk bojo; 2 njaluk supaya diwènèhi pagawean, up. lowongan carik kawêdanan sing ng-[x] wong nêm atus; [x]-an: 1 tindak anggone nglamar; 2 pawèwèh kang kawènèhake marang wong tuwane (sanak sêdulure) sing dilamar.

lamat: I [x]-[x] kn. 1 ora cêtha tmr. pandêlêng, pangrungu; 2 ora kandêl tmr. mulas, pupuran lsp; lêlamatan br: pupuran mung lamat-lamat. II kn: sasmita, ngalamat; kc. alamat.
lamba: kn. 1 ora rangkêp, dudu camboran; 2 barès, pasaja, wantah; nglambani: masajani, ngandhani barès; lamban: 1 ora rangkêp; 2 ora duwe bojo.
lambah-lambah: kn. ngêcêmbong akèh banyune (mêntas udan lsp).
lambak-lambak: kn. lembak-lembak.
lamban: kn. 1 ora rangkêp; 2 ora duwe bojo; kc. lamba.
lambang: I 1 ([x]-gantung) kn. kayu malang sangisoring takir (peranganing omah); 2 êngg. pangrèhing desa; [x]-an: blabak malang sanggan tiyang prau. II 1 kw. kidung, gêgambaran; 2 kn. têtêmbungan ut. lêlakon sing ngêmu surasa pitutur ut. wêwêcan; kc. pralambang. III êngg. k: ijol; dipun-[x]-i(akên) k: diijoli(ake).
lambang-jangka: kn. pralambang ngêmot wêwêcan.
lambang-sari: (santun, sêkar) br. liron sih.
lambau: (C) kn. lilin gêdhe sarta abang.
lambao: (W) kn. pc: tani; têtanèn, up. mantri [x], sêkolah [x].
lambar: ut. [x]-an kn. 1 cawan; 2 cawan lèmèking gêlas lsp; 3 lèmèk; 4 lèmèk dianggo nyêkêl barang panas lsp; 5 br. dhêdhasaring panêmu, wêwaton; 6 awêwaton, adhêdhasar; di-[x]-i: dilèmèki, didèkèki lambaran.
lambat: I êngg. k. lawas; [x]-laun (M) êngg. pc: suwe-suwe, sêlot-sêlote. II ma-[x] kw: miyur, manutan.
lambe: 1 kn. lathi ki. pinggiraning cangkêm; 2 kn. pinggiraning cangkir, piring lsp; 3 bambing, têpining prau, sumur lsp; 4 ks. têtêmbungan; ènthèng (tipis) [x]-ne: sênêng nyatur ala (misuh); kanggo abang-abang [x]: 1 kanggo sambèn gunêman nyatur alaning liyan; 2 kanggo lêlamisan; [x] satumang kari samêrang pr: wong nênuturi ora digugu; kêlambèn: sugih omong, sênêng nyatur.
lambe-dang: (dandang) kn. pinggiraning cangkir lsp. sing njêbèbèh.
lambe-gajah: kn. peranganing kêris sandhing kêmbang kacang.
lambe-gangsa: kn. lidhah gangsa.
(lambir): [x]-an êngg. kn. bambinging kali sing cêndhèk.
lambung: kn. iring (sisih) kiwa têngên ing perangan kang têngah tmr. awak, gunung lsp; ng-[x]: 1 nyuduk (numbak lsp) ing lambung; 2 nganggo kêris mèpèt lambung; 3 nêmpuh barisan saka ing iringan; 4 mbangkèk, mêrit ing têngah.
lambung-lêngis: kn. lêkikan sadhuwuring bokong sangisoring iga.
lamèn: kn. tlakupaning gagang pari; kc. damèn.
lamêng: kn. pêdhang cêndhak amba wilahane.
lami: k. lawas.
lamis: ut. lêlamisan kn. mung ing lahire (têtêmbungane) bae sing bêcik, batine ora; ng-[x]-i: tumanggap (gêgunêman) lêlamisan.
lamit: êngg. pc. têtêmbungan mratelakake njawab njaluk pangapura ing sadurunge tumindak kang kalêbu ora urus, kayata nglangkahi, ndumuk sirah lsp; kc. amit.

lamlam: kn. ([x] ing ati) sênêng (gumun) ing ati; ng-[x]-i:nêngsêmake, nggumunake; [x]-ên: sumlêngêrên marga gumun ut. kasêngsêm bangêt.
lamuk: I ut. lêlamuk, [x]-[x] kn: 1 pêdhut sing tipis; 2 burêng (ora bêning) marga kasaput ing uwab tmr. kaca lsp; ng-[x]: kasaput ing lamuk (burêng, ora bêning). II êngg. kn: 1 lêmud; 2 kurang ajar.
lamun, lamon: êngg. kn. yèn, samangsa.
lamur: 1 kw. lamuk; 2 kn. ora awas (têrang) pandêlênge; ng-[x]-i: 1 njalari lamur; 2 êngg. nêdhêng-nêdhênge lamur tmr. iwak loh (ing wayah sore); 3 êngg. pc. nêdhêng-nêdhênge birahi bangêt tmr. jêjaka; [x]-an: nandhang lara lamur.
lamuran: kn. ar. sukêt.
lamus: I kn. warna kaya ulêsing kêbo. II kn: ububan sing digawe wlulang
--- 259 ---
wedhus; di-[x]: 1 dimangsak tmr. wlulang; 2 diububi.
lamon ~ landhêp-dhêngkul.
lamon: kc. lamun.
lamong: kw. rada edan; ng-[x]: ndlêming, ngame.
(lampad): [x]-an êngg: rampadan.
lampah: k. laku.
lampèng: êngg. kn. gampèng.
lampêg: êngg. kn. rob.
lampês: kn. ar. têtuwuhan.
(lampêt): ng-[x] kn. mampêt, nutup bêndungan lsp.
lampi: êngg. kc. lampin.
lampin: kn. apa-apa sing digawe lambaran nyênyêkêl (nggawa) barang sing panas.
lamping: êngg. lampin.
lampir: I kn. wis tipis sarta landhêp tmr. lading lsp, wis nglingir alandhêp tmr. untu dipasahi lsp. II di-[x]-i kn: dikanthili layang liyane; [x]-an: layang kanthilan; kc. lêmpir.
lampit: kn. lante ki. bngs. klasa sing digawe irat-iratan pênjalin (bamban, pring).
lampita: (S) kw. 1 têtêmbungan; 2 pêpindhan, pralambang, ngalamat.
lampu: I ut. di-[x] êngg. kn. aluwung, milaur; kc. pilampu, milampu. II kn: diyan (sing gagrag Eropah), kayata: [x] dhudhuk, [x] gantung, [x] teplok.
lampus: kw. pati, mati; ng-[x]: matèni, nglalu.
lampor: kn. swara rame (miturut gugon tuhon swaraning lêlêmbut arak-arakan).
(lampra): ng-[x] êngg. kn. lunga saparan-paran.
(lamprah): ng-[x] êngg. kn. nglêmbrèh kangsrah ing lêmah.
lan: I 1 n. kaliyan k. lawan, karo; 2 kn. jalarane, up. dadi [x] patine. II êngg. pc: lahan.
lana: I kn. lêstari, ora owah gingsir. II kc. lalana.

lanang: n. jalêr k: 1 (kakung ki) kb. wadon; 2 sing mênjila ut. ngijèn tmr. gunung, kali, alas, lsp; 3 mung awuluh siji tmr. bêdhil; 4 ent. kêndêl; [x] kêmangi pc: wong lanang sing jirih; sing [x](ingkang kakung ki): bojo (laki); ng-[x]-i: 1 kaya sipate wong lanang (kêndêl, gumêdhe); 2 solah-tingkahe kaya wong lanang tmr. wong wadon; [x]-an: 1 kewan lanang sing dijodhokake dipurih turune; 2 pucuk (purusing) saka ut. êmur sing diêncêbake; 3 ks. bojo (laki); pa-[x]-an: dakar, purus.
lanas: kn. 1 alum (garing, lèlèh) marga kêna ing panas; 2 lantap, brangasan tmr. wong wadon.
lanat: kn. laknat.
landa: n. landi k. pc. Walanda.
landang: I kw. batur, rowang; pa-[x] kn: juru ladèn. II ma-[x] (mlandang) êngg. kn: tansah kolehan anggone nyambut gawe, enggal sugih.
(landêng): ng-[x] kn. 1 ajêg ora suda-suda tmr. urub, kukus, ganda; 2 olèh kabêgjan ajêgan, ora suda-suda kasugihane; di-[x]-ake: diulur (disuwèkake) tmr. pagawean.
landêp: kn. 1 ar. têtuwuhan; 2 ar. wuku sing kapindho.
landi: k. landa.
landrat: (W) kn. pangadilan sing mriksa prakara sing rada gêdhe; di-[x]: dipriksa ing pangadilan landrat; ng-[x]-ake: ngunggahake prakara mênyang landrat.
lanja: ut. lêlanja kn. kêrêp lunga ut. sanja; ng-[x]: sanja mênyang panggonane tangga sing adoh.
lanjah: êngg. pc. gonta-ganti sing nduwèni; kc. lènjèh.
(lanjak): ng-[x] kn. 1 nglojok, ngluwihi wêwangên ut. watêse; 2 êngg. nyewa sawah ing sawêtara mangsa; ng-[x]-ake: 1 ngulur prakara ing pangadilan sing luwih dhuwur; 2 êngg. nyewakake sawah.
lanjam: êngg. 1 kêjèn; 2 singkal; [x]-an: lancip tmr. jalu.
lanjang: êngg. kn. prawan, wong wadon sing durung omah-omah.
lanjar: I pc: kn. warandha sing durung duwe anak (sarta isih ênom); kc. wulanjar, lanjar. II kn: imbuh (wuwuhan mirunggan) kawènèhake wong sing tuku tmr. dol tinuku wowohan lsp; di-[x]-i: diwènèhi lanjar. III di-[x]-i kn: didokoki lanjaran; [x]-an: 1 wilah (kayu) dianggo pikukuh rambataning têtuwuhan (kacang lsp); 2 turutan, panutan, sarana; 3 anak angkat (dianggo sarana supaya banjur bisa duwe anak).
lanjar-ngirim: kn. ar.lintang (cêdhak karo gubug-pèncèng).
lanjèn: êngg. kn. nyoba, njajal, isih coban-coban; kc. lanji.
lanji: I êngg. kn. bngs. linggis kayu, paju. II kn: 1 ngolah-ngalih, ora têtêp ênggone; 2 ks. palanyahan; di-[x]: 1 dicoba arêp disumurupi trêp lan orane, kayata sindik dicoba ing bolongane; 2 ditanjihake, dinyatakake dhewe; kc. lanjèn. III kn: atos, tansah atos (tmr. kacang).
(lanjuk): di-[x] êngg. kn. diranggèh.
lanjung: êngg. kn. ora duwe kêkuwatan, dhêlêg-dhêlêg.

lanjut: êngg. kn. 1 dawa, mulur; 2 têrus; 3 krungu saka ing kadohan; ng-[x] êngg: nglajo; di-[x]-ake êngg: ditêrusake, dibacutake.
lanjo: kc. lajo.
lanjrat: kn. landrat.
landha: kn. banyuning awu; ora ana [x]-ne ent: ora ana tabête; di-[x]: dikumbah (diêkum) ing banyu landha.
landhak: kn. ar. kewan ngrikiti mawa wulu kuku lancip-lancip kaya êri; ng-[x]: mbabah (ut. gawe trowongan) sing dawa; ng-[x]-ake: mêndhêm mayit rada diêrongake; [x]-an: 1 babahan sing dawa; 2 trowongan, trowongan dalan banyu.
landheyan: kn. 1 garan tumbak (gêndera); 2 êngg. ukiran kêris.
landhêp: kn. 1 ora kêthul; 2 gathèkan, gampang mangêrtine; 3 nyêrikake (pêngpêngan) tmr. gunêm; lêlandhêp, gêgaman sing landhêp; di-[x]-i: diasah supaya landhêp; 2 digêgasah, diojok-ojoki, landhêp-dhêngkul kn. (landhêp kaya dhêngkul) bodho bangêt.
--- 260 ---
landhês ~ (langgat).
landhês: I êngg. kn. trêp, plêk; kc. tandhês. II di-[x]-i kn: didèkèki ganjêl tmr. apa-apa sing arêp diiris (dikêthok); [x]-an: 1 ganjêl (sanggan) barang sing arêp dikêthok (dipalu lsp); 2 (dadi [x]-an) dadi parang tutuhan (nyangga yèn ana alane); 3 êngg. pc. dhêdhasar, wêwaton.
landhung: kn. 1 dawa tmr. klambi (kathok lsp); 2 mêmbat, mulur, ora sêsak tmr. napas (swara lsp); 3 ora cugêtan atèn; kc. plandhungan.
lan-kas: (W) kn. kantor Nêgara sing nampa lan mbayari dhuwit.
lantak: kn. piranti dianggo, ndudul bolonganing mriyêm (bêdhil lsp); ng-[x]: 1 (ut. ng-[x]-i) ndudul nganggo lantak; 2 nglarag (nglurug) arêp nglabrag; [x]-an: 1 (bêdhil [x]-an) bêdhil sing anggone ngisèni nganggo dilantaki; 2 gilingan dawa tmr. wêsi, mas, têmbaga lsp.
lantang-lantang: kw. ak. ali-ali.
lantap: kn. dhêmên padu (nyrêngêni) tmr. wong wadon.
(lantar): ng-[x]-i kn. njalari - bisane kêlakon asarana ...; ng-[x]-ake: 1 nêkakake rêmbug marang; 2 mbacutake, (mbanjurake, nêrusake) marang; [x]-an: 1 kayu (pring) dianggo gocèkaning wod lsp; 2 senggot; 3 ki. têkên, sendhok, suru, bêdudan; 4 sarana kang njalari bisa kalêksanan sêdyane (bisa kêlakon); 5 wong kang nglantarake rêmbug lsp; 6 jalaran, sêbab.
lantas: I kn. 1 dawa lan lêncêng tmr. têkên lsp; 2 lêncêng, pênêr (ngênêr sing tinuju); 3 bantas tmr. swara. II êngg. kn: banjur, tumuli.
lante: ki. lampit.
lantèh: êngg. pc. kc. lantih.
lantera: kn. kc. lêntera.
lantih: kn. wis prigêl (bisa) marga wis kulina nindakake; dilêlantih: digêgulang, dikulinakake, dimêmanuh.
(lantik): [x]-[x] kn. nangis sêru bangêt.

(lanting): ng-[x] kn. 1 nyêkêli apa-apa tangane diacungake, up. ng-[x] mrêcon; 2 nyêkêli wong sing ajar nglangi ut. nyabrang ing kali; 3 pc. nglagani, mitulungi; [x]-an: 1 apa-apa sing dilanting; 2 k. kêndhi.
lantip: kn. landhêp pikirane, gathèkan.
lantun: êngg. k. 1 lari; 2 larik.
lantung: kn. kc. latung.
(lantur): ng-[x] kn. mbanjur bae nganti kêliwat ing wêwangênane; ke-[x]: 1 kêbanjur, kêbacut; 2 owah saka têgêse sing asli tmr. têmbung.
(lantrah): ng-[x] kn. dawa (rowa bangêt) tmr. crita, gunêman lsp.
(lantrang): [x]-[x] kn. ndhangak ginawe-gawe tmr. patrap lakune wong wadon; kc. plantrang.
lancana: (S) kw. cihna, têtêngêr, itikan.
lancang: I kn. tumandang ndhisiki prentah (pakon); di-[x]-i: 1 disêtut didhisiki; 2 ditindakake ndhisiki prentah; [x]-[x]-an: sêtut-sêtutan arêp ndhisiki. II kn: wadhah kinang wangune kaya praon.
lancap: kn. awangun bundêr lonjong tmr. praèn.
lancar: I kn. 1 cilik dawa tmr. buntut lsp; 2 êngg. jarit kadèn. II kn: bantêr, rikat, gancang: di-[x]-i br: dilêpasi gêgaman; lêlancaran: gêgancangan. III [x]-an êngg. k: piring.
lancêng: kn. ar. bngs. tawon cilik: malam [x]: 1 malame tawon lancêng; 2 ar. malam sing gêtas.
lancing: I êngg. kn. durung rabi; kc. loncang-lancing. II [x]-an: 1 êngg. cawêd; 2 ki. kathok, sruwal.
lancip: kn. 1 mawa pucuk sing mêrit; 2 (têmbunge [x]) têtêmbungan agawe pinggêting ati; ng-[x]-i: agawe supaya lancip.
lancung: 1 êngg. kn. palsu. II têlèk [x] kn: têlèk pitik sing jêmèk.
lancur: kn. 1 laring buntut jago; 2 (ut. [x]-an) êngg. jagoan; 3 (ut. lêlancur) pangarêp, gêgembong, têtunggul.
(lanthang): [x]-[x] kn. mlaku ora nolah-nolèh ut. ora nggêgawa tmr. wong wadon.
lanyah: kn. wis kêrêp nindakake, pundhuh; lêmah [x] êngg: 1 palêmahan darbèking umum; 2 sawah sing tansah tinanduran pari; pa-[x]-an: wong wadon ala.
(lanyak): ng-[x] kn. nranyak, ora urus.
lanyap: kn. lancap; [x]-an: wanguning praèn ndhangak lancap tmr. wayang.
lanyo: ut. [x]-[x] pc. umuk-umukan, tumindak kurang tata-krama.
(langak): I [x]-[x] kn. linggih (mlaku) ndhangak; ng-[x]: ndhangak, tumênga. II lêlangak, [x]-an kn: pawongan cèthi.
langar: kn. ladak, lantap.
langèn: ut. lêlangèn kn. lêlumban nglangi; kc. langi.
langêh: kw. ak. endah, sênêng.
langên: kw. 1 sênêng, endah; 2 kasênêngan, kaendahan; 3 (ut. lêlangên) sênêng-sênêng, mangun suka; 4 (ut. ka-[x]-an) sêlir; ka-[x]-an ki: 1 apa-apa sing disênêngi; 2 sêlir.
langênarjan: kn. bngs. klambi sikêpan ingarêp mawa bukakan.
langên-driya: kn. wayang wong sing nyritakake Damarwulan.

langênjiwa: kn. ar. têmbang gêdhe.
langên-gita: kn. ar. têmbang gêdhe.
langêrèh: (W) pc. pangadilan sing mriksa prakara palanggaran cilik-cilik.
langês: kn. angusing diyan; ng-[x]: kumêlun mêtu langêse.
(langga): I di-[x] kn. diombe sarana kaêcurake saka ing kêndhi tinadhahan cangkêm. II di-[x] kn: disuduk (dijotos) wêtênge.
langgala: kw. wluku; kc. nênggala.
langgana: (S) kw. ora miturut, ndaga, êmoh nurut; kc. lênggana.
langganan: kn. lêngganan.
langgar: I kn. omah cilik dianggo sêmbahyang ut. mulang ngaji. II di-[x] (M) kn: 1 ditêrak, ditrajang; 2 êngg. ditumbuk, ditabrak, disêrang; 3 êngg. disêtut, didhisiki; pa-[x]-an: prakara-prakara bab nêrak pêpacuhing nêgara.
(langgat): ng-[x]-i kn. 1 nimbangi, nglayani; 2 nanggapi wong sing njawat lsp; [x]-an, lêlanggatan: lêlawanan, lêlayanan;
--- 261 ---
sanggar pa-[x]-an: omah ginawe sêmadi ut. mêmêjang.
(langgên) ~ lapli.
(langgên): [x]-an kn. 1 congkokan; 2 landhêsan.
langgêng: kn. 1 lêstari ora owah gingsir; 2 waktu sing tanpa pungkasan; di-[x]-ake: dilêstarèkake; ka-[x]-an: jaman sawise pati, akerat.
langgi: kn. sêga sing diraciki lêlawuhan garingan.
langguk: kn. umuk, gumêdhe.
langgula: (S) kw. ak. buntut.
langgung: êngg. kn. langgêng.
(langgur): ng-[x] êngg. kn. milihi wiji pari.
(langi): ng-[x] kn. kumambang (nyilêm) ing banyu banjur obah maju; nglangèni: nglangi marani; nglangèni tai baya pr: nindakake pagawean rêkasa bangêt, ora ana pituwase.
langip: kn. kc. laip.
langir: kn. ar. woh sing sok dianggo kramas.
langit: kn. 1 awang-uwung sing katon biru; 2 (ut. [x]-an) lapisan ing jênang (puhan) kang dumunung ing dhuwur; padhang [x]-e: sêmuning polatan bingar; bisa njara [x] pr: pintêr bangêt; têkan ing [x] biru (sap pitu): dhuwur bangêt pangkate lsp; ng-[x]: mêtu langite tmr. puhan lsp; [x]-an: 1 (ut. pa-[x]-an) pyan, tutuping paturon lsp; 2 kc. langit 2; 3 êngg. pc. têlak.
langka: kn. 1 ora tau (arang) anane, arang-arang bangêt; 2 nglêngkara, mokal anane.
langkah: kn. 1 jangkah sing ngungkuli apa-apa; 2 luwih, punjul, ora trêp; [x] loro(têlu lsp): nganggo lêt 2, 3 lsp. tmr. nam-naman; lumangkah, mlangkah: 1 njangkah ngungkuli; 2 ngliwati (tmr. maca lsp); 3 nglancangi, ndhisiki tmr. omah-omah lakèn rabèn lsp; ng-[x]-i pundhak pr: matur marang dhêdhuwuran ora nganggo palantar; pa-

[x]: pawèwèh awujud sandhangan sapangadêg marang sêdulur tuwa sing dilangkahi ênggone omah-omah.
langkak: êngg. kn. langka.
langkap: kw. gêndhewa.
langkas: kn. cukat, trêngginas, kuwat.
langkêp: êngg. k. gênêp, ganêp; kc. jangkêp.
(langkib): ng-[x] kn. 1 nêkuk lêmbaraning buku, nêkuk klasa lsp; 2 nyidhêm palêmahan (sing dipundhut ing nêgara); 3 nêkuk tumutup; ke-[x]: 1 katut kêtêkuk (kêtutup); 2 katut kêcacah.
langking: 1 kw. irêng; 2 kn. lamus sêmu irêng tmr. ulês.
langkir: kn. ar. wuku sing kaping têlulas.
langkung: I kn. wêsi panggandhènge sangga-wêdhi karo lapak. II k: 1 liwat; 2 luwih; sa-[x] êngg. k: salawe (25); kêrtas [x]-an êngg. k: dhuwit kêrtas lawean (f 25)..
langlang: êngg. kn. midêr-midêr, kliling; kc. nganglang.
langu: kn. ambu kaya dene ambune godhong têmbako lsp; tikus [x]: tikus clurut.
langun: br. langên.
(langut): ng-[x] kn. 1 katon adoh bangêt (tmr. wêwujudan ut. swara); 2 sêdhih bangêt nganti tanpa wasana.
langsan: (W) pc. alon, rindhik.
langsang: kn. angsang, wlangsang.
(langsar): ng-[x] kn. ngingsêt, nyèrèt apa-apa sing kangsrah ing lêmah; [x]-an: dianggo padinan tmr. sandhangan; kc. lèngsèr.
langse: kn. gubah putih dianggo tutup ing paturon ut. cungkup (kuburan); di-[x]: ditrapi langse.
langsêb: kn. woh bngs. dhuku.
langsêng: kn. piranti diênggo ngukus panganan lsp. rupane saèm. tenong; di-[x]: dikukus nganggo langsêng.
langsing: êngg. kn. lêncir.
langsir: I (W) kn. prajuit jêjaranan nggawa tumbak. II (W) kn: ngrakit sêpur.
langsung: (M) pc. têrus, tanpa lantaran.
(langsur): ng-[x] kn. ngglangsur.
laun: êngg. kn. rèndèng (godhong kacang cina).
laup-laup: êngg. pc. bêngok-bêngok sêru.
(laur): [x]-an êngg. kn. mbukak palêmahan sing wis dilêmparake; kc. plaur.
laut: I êngg. kn. sêgara; di-[x]: dibuwang ing sajabaning pulo; [x]-an: 1 wong buwangan; 2 apa-apa sing gêgayutan karo sêgara, up. pêrang [x]-an: 3 sêgara gêdhe. II kn. pc: wis lèrèn tmr. wong nyambut gawe. III di-[x]-i êngg. pc: digèndèng, digèrèd, dikatutake; ke-[x]: katut, kêlantur.
laos: kn. ar. êmpon-êmpon dianggo bumbu lsp.
lap: mak [x] kn. 1 sanalika ilang; 2 turu sakêplasan. II (W) kn: gombal lsp. sing dianggo ngrêsiki. III kn: dluwang pèl sing kandêl.
lapa: kw. ngêlih, kêlapan: kalirên, kêlangip (kêlaip).

lapak: I kn. kambil ki. abah-abah jaran kang dianggo palinggihane wong sing nunggang; di-[x]-i: ditrapi lapak. II ut. [x]-e êngg: mulane, sawise iku.

lapal: (A) kn. têtêmbungan (basa Arab) sing dianggo ndongani (sêmbahyang lsp); di-[x]-i: didongani.

lapan: kn. (sa-[x])35 dina.

lapang: êngg. kn. bawera, jêmbar tmr. pamandêngan (sawah lsp).

lapat: pc. ilapat.

(lapgang): di-[x] kn. dirêbut kanthi pêksa; kc. alap.

lapis: I kn. 1 waja lsp. kang dianggo rangkêpan; 2 sap-sapan; [x]-[x], lêlapisan: sap-sapan; kuwih [x]: ar. panganan sing digawe sap-sapan; di-[x](-i): dirangkêpi nganggo lêmbaran waja lsp. II (W) kn. ar. olah-olahan sing digawe daging.

lap-lapan: kn. tansah sumêlang ing ati; kc. lap I.

lapli: (A) kn. miturut unining lapal; dudu [x]: dudu sapantêse, ora patut; kc. lapal.

--- 262 ---

lap-lip ~ laryan

lap-lip: pc molah malih; kc. sêlap-sêlip.

lapur: (W) kn. ngaturake prakara apa-apa marang pulisi lsp; di-[x]-ake: 1. diaturake marang; 2. dikandhakake (dipratelakake) tmr. papriksan lsp; (pa) [x]-an. 1. prakara sing dilapurake; 2. katêrangan olèh-olèhaning pakaryan (papriksan lsp).

lar: I kn. 1. wuluning suwiwi; 2. suwiwining kupu lsp; 3. wulu sing dianggo nulis; 4. rujining rodha; 5. garis sing saka pusêr mênyang kubêng tmr. cakran; ang-[x] br. ngêlar kn: kaya êlar; ngêlar gangsir: (kaya lar gangsir) klobot sing sêrate kasar-kasar; ngêlar bango: wanguning pêdhang kaya lar bango; ngêlar kombang: (kaya lar kombang) irêng njangês tmr. untu disisigi; ngêlar walang: wanguning pêdhang kaya lar walang; mang-[x]: wis duwe lar tmr. jangkrik, gangsir lsp; kc. êlar. III. di-[x] kn: didawakake (diambakake, dijêmbarake); kc. mêlar, êlar.

lara: I n. sakit k. gêrah ki: 1. nandhang ora kêpenak ing badane; 2. (ut. lêlara) apa-apa sing njalari lara; [x] atine: sêrik; nguyang (ngêmping) [x] nggenjah pati pr: njaluk sangsara (pati); lêlaran n. sêsakitan, pasakitan k: paresan, wong ukuman; nglarani: krasa lara ngarêpake nglairake jabang bayi; nglarakake ati: nyêrikake; sing dilarakake: nandhang lara; kc. kêlara-lara, pilara. II (ut. rara) 1. kw. prawan; 2. kn. kanggo sêsêbutane bocah wadon, up. mas [x], radèn [x]; kc. palara-lara. III kw: susah, sêdhih; ma-[x]: susah, sêdhih.

lara-ayu: n. sakit-ayu k: lara cacar.

larab: kn: tutup sing minangka kêkêmul (lapisan): di-[x]-i: ditutupi nganggo larab, dilapisi; kc. klarab, larap.

lara-bentrok: kn: ar. têmbang gêdhe.

lara-brangta: kw: susah marga kêsêngsêm.

larad: kn: suda, larud, dhadhal tmr. bêndungan; kc. larud.

(larag): ng-[x] kn: nglurug, nglantak mênyang panggonaning mungsuh; [x]-an: têka ing panggonan sing adoh pêrlu nyambut gawe lsp; kc. lurug.
larah: I (ut. [x]-an) kn: rêrêgêd (uwuh) sing sumêbar ing lêmah; [x]-[x]: 1. sumêbar ing lêmah; 2. kangsrah kumlèmbrèh ing lêmah; ng-[x]: katon nglumbruk ana ing lêmah; kc. klarah. II kn: 1. tilas, lari; 2. êngg. pc. pawarta kasangsaran lsp; di-[x]: dilari, digolèki mênyang êndi-êndi.
lara-irêng: kn. pc: candu.
(larak): di-[x] kn: digèrèd kanthi pêksa (ut. sing digèrèd kangsrah ing lêmah).
lara-karuna: kw: nangis karanta-ranta.
lara-kudan: kn: bêdhil sing awuluh siji.
laran:, ut. lêlaran n. (sê) sakitan k: paresan, wong ukuman; kc. lara.
laran-atèn: n. sakitan-manah k: gampang lara atine, sêrikan.
lara-lapa: kw: (lara lan ngêlih) sakèhing kasangsaran.
lara-ngêndhat: kn: ar. têmbang.
lara-uyang: kn. gêrah uyang ki: prungsang.
lara-sêtu, lara-wastu: kn: ar. bngs. sukêt sing oyode wangi.
larang: I n. awis k: 1. arang-arang, up. [x] udan; 2. luwih akèh tinimbang kalumrahane tmr. rêrêgan; kb. murah. II di-[x]-i n. dipunawisi k: dielikake supaya aja nglakoni (nêrak pêpacuh); [x]-an: 1. pêpacuh; 2. apa-apa sing dilarangi (ora kêna ditêrak).
larap: I kn: 1. lakuning apa-apa sing niyup (nglayang, nyiruk, nylorot) bantêr; 2. tujuning têtêmbungan, karêping pasêmon; [x]-e pc: sêmune, katone kaya duwe karêp; [x]-[x]: katon niyup (cumlorot) bantêr; ng-[x]: niyup bantêr; di-[x]-ake: 1. diclorotake, ditiupake; 2. diladèkake, diaturake marang; tanpa [x]-an: tanpa nganggo diladèkake (tanpa lantaran, tanpa awèh wêruh). II [x]-an kn: 1. blebekan sêlaka (mas lsp) sing tipis dianggo rêrênggan ing bathuk lsp; 2. êngg. kayu landhêsaning pangrajangan têmbako lsp; 3. kayu pating cromplong (gêdêbog) dianggo nancêbake wayang; 4. (ut. pa-[x]-an) ki. bathuk.
laras: I kw: gêndhewa. II. 1. (ut. raras) kw. endah, nêngsêmake; 2. kn. swara thinthinganing gamêlan; laguning gamêlan (pc. sajaking pratingkah); 4. wis runtut (cocog) karo swara sing bênêr tmr. gamêlan; 5. wis runtut (cocog) karo kaanane; di-[x]: 1. dicocogake karo swaraning gamêlan sing bênêr (ora blero); 2. dipêpatut; ditata murih runtut; di-[x]-[x]: digagas-gagas murih runtute. III. ng-[x] êngg. kn: lunga saparan-paran pêrlu nglari (nggêgolèki); [x]-an: lêmbaran dluwang sing wis dianggo; ma-[x]-an, pa-[x]-an kw: lunga tanpa pamit, lunga saparan-paran.
lare: k: bocah.
lare-angon:kn: ar. ula sing ora mandi.
larèk: êngg. k: 1. bocah; 2. anak.
larèn: (ut. [x]-an) kn: kalenan; di-[x]-i: dikalèni.

lari: I kn: ajèr tmr. patri, timbêl, lsp; dilarèkake: diêsokake tmr. jèr-jeran timah lsp. II kn: lacak, tilas, larah; di-[x]: dilacak, dilarah. III (M) êngg. pc: mlayu, minggat.
(larih): ng-[x]-(-ake) kn: ngisèni minuman kêras tumuli kaladèkake; di-[x]-i: 1. diwènèhi ombèn-ombèn inuman kêras; 2. br. ditatoni, disuduk; [x]-an: ênggone ngladèkake panganan lsp. mubêng urut-urutan saka siji.
larik: I kn: 1. garis, tharik; 2. (ut. [x]-an) jejeran urut-urutan; 3. luwangan sing dawa, kalenan; di-[x]-([x]): 1. dijèjèr lêlarikan; 2. dikalèni, dijugangi lêlarikan. II. 1. kn. sigitan ki. pilis; 2. êngg. ki. pilis; di-[x]-i: dipilisi.
laris: 1. kw. laku; 2. kn. payu bangêt, akèh sing tuku; ng-[x]-i: 1. njalari laris; 2. mènèhi murah supaya enggala laris; pa-[x]-an: jimat (guna-guna) sing njalari bisa laris; kê-[x]-an: dagangane (dodolane) êntèk kabèh.
laryan: kw: larèn, kalèn.
--- 263 ---
laru ~ lawang lèrègan
laru: I. 1. kn. tatal nangka karo banyu ênjêt kacampurake ing lêgèn supaya ora bisa kêcut; 2. êngg. k. tèh; 3. êngg. k. arêng. II. [x]-[x] kw: laron.
larud: kn: 1. katut kentas dening kurdaning banyu; 2. ilang kabèh, sirna sanalika; di-[x]-(ake): disirnakake, dikentasake.
larug: kn: 1. mingsêd alon-alon tmr. lêmah ing pèrèng lsp; 2. ajuning prajurit; 3. lêgokan ing lêmah tipak barang kang dilarak; di-[x]: 1. disarug-sarug; disodhokake; 2. êngg. digarap mung kasar-kasaran; kê-[x]: kèngsêr, kêsêsêr tmr. prajurit.
(laruh): di-[x]-i êngg. pc:diaruh-aruhi, dituturi.
larung: 1. kw: krêndha, bandhosa; 2. mbuwang mayid mênyang ing sagara (kali); di-[x]: dilabuh (mayit lsp) ana ing banyu (kali, sêgara).
laron: kn: ar. kewan ibêran kêdadean saka rayap.
larwan: kw: laron.
las: I. kn: 1. ijèning bêras; 2. apa-apa sing awujud glintiran cilik; 3. kang pinunjul dhewe saka ing gêgolongane; [x]-[x]-an: 1. awujud las wijang-wijang; 2. cêtha bangêt wêwijangane tmr. tulisan lsp. II. wc: wêlas, bêlas ing wilangan: rolas, têlulas, lima-las, pitu-las, wolu-las, sanga-las.
lasa: kw. ak: urub, padhang.
(lasah): di-[x] êngg. pc: dilari, dilacak; kc. lèsèh, tlasah.
lasak: wêdhi [x] êngg. kn: grasak.
lasar: êngg. k: dhasar (pancèn nyata).
lasêm: kn: 1. ar. jarit lurik; 2. ar. laguning gêndhingan miturut larasane.
(lasir): di-[x] êngg: diukur lan diprinci-princi tmr. sawah.
laskar: (Prs) kn: prajurit.
las-lês: kn: tansah (kêrêp) lunga ut. turu; kc. lês.
las-los: êngg. kn: kêrêp lunga; kc. los.

lasun: êngg. kn: 1. ora oleh-olehan; 2. ora ana, kurang, lowong.
lastantun: k: lastari; kc. lêstari.
lastari: n. lastantun k: kc. lêstari.
lastri: kw: bêngi; kc. ratri.
lat: (W) pc: kasèp.
lata: (S) kw: têtuwuhan rambat, godhong.
latah: 1. (ut. [x]-[x]) kw: gumuyu sêru; 2. êngg. nirokake gunêm ut. pratingkahing liyan sing ora kêjarag (dadi ewoning lêlara).
latak: 1. kw. blêthok, êndhut; 2. kn. êndhêg-êndhêging nila.
latar: kn: 1. pakarangan sangarêping omah; 2. ([x] irêng, [x] putih) dhasaring warna ing bathikan; ma-[x] kw: njênggar mratani; pa-[x]-an: 1. latar sing jêmbar; 2. lumahing raèn wrata; 3. ambèn-ambènan ing ngarêp gupon.
latêk: kn: 1. latak; 2. êngg. blêthok.
latêng: kn: ar. têtuwuhan godhonge nggatêli.
latiyu: (W) kn: kayu sanggan ing sadhuwuring lawang (cêndhela).
latin: aksara [x] kn: aksara Rum.
latip: kw: ringkih.
latlatan: kn: kasepan (dhuwit kawènèhake marang wong tani yèn ênggone nêbang têbu kasèp).
latu: 1. êngg. kn. gêni sapêlik; 2. k. gêni; ma-[x]-[x] kw: murub gêbyar-gêbyar.
latuh: I. kw: blêthok, rêrêgêd. II. kn: ar. lumut sêgara.
latung: (lênga) [x] kn: lênga pitroli.
latoh: pc: latuh.
latra: êngg: rata.
latri: I êngg. kn: êndhut, walêd; latrèn; êngg: kêlêban ing êndhut tmr. sawah, walêdan; kc. sêtrèn. II. kw: bêngi; kc. ratri.
lacak: kn: tilasing tapak (kewan, wong, grobag lsp.); di-[x]: digolèki nurut lacak, dilari; kê-[x]: kêcandhak larine, kêna ing dakwa; kêpathak kê-[x] pr: wis têrang bangêt kaluputane nganti ora bisa mukir.
laca-lucu: kn: lêlucon.
laci: (W) kn: slorokan ing meja; di-[x]: dilêgoki nggalêr tmr. kayu lsp. dikalèni tmr. sawah; lacèn: lêgokan nggalêr.
lacur: kn. êngg: 1. tansah cilaka, sêbêl bangêt; 2. madon; pa-[x]-an: palanyahan.
lacut: kn: kêladuk, kêbanjur; kê-[x]: kêtrucut, kêladuk tmr. gunêm ut. têtêmbungan.
latha: I. êngg. kn: lêkikan ing janggut. II. di-[x] kn: dipaèsi tmr. pangantèn. III. kw: kc. latha.
latha-lithi: êngg. pc: wira-wiri.
lathêk: kn: êndhêg-êndhêging lênga klêntik.
lathi: ki: 1. lambe; 2. sisig.
lathya: br: lathi.
lawa:kn: ar. kewan bngs. codhot (kalong).
lawad: kw: tilik, tinjo.
lawayan: kw: gêmbung, badan.

lawak: êngg. kn: perangan awak-awaking prau kang minangka wêtêngane (gêmbunge); lêlawak: 1. omah-omahan sing disèlèhake ing gigiring gajah; 2. (ut. tandhu [x]) tandhu gandhul.
lawan: kw: 1. mungsuh, tandhing; 2. lan, karo, lan uga: ng-[x] kw: nêmpuh pêrang, nanggulang mungsuh; ng-[x]-i kn: 1. mitulungi supaya bisa ngadêg ut. mlaku; 2. nglayani, nandhingi; [x]-an: 1. êngg. mungsuh, tandhing; 2. (ut. lêlawanan) mêmungsuhan; 3. (ut. lêlawanan), lêlayanan, gêgayutan, gêgêpokan.
lawana: (S) kw: uyah, asin; cs. 6.
lawang: n. kontên k: butulaning omah (sênthong lsp.) sing dianggo mlêbu-mêtu; [x]-an kn: 1. dalan (bolongan) sing dianggo mlêbu mêtu; 2. lawang cilik; pa-[x]-an kn: wong sing dipatah tunggu lawang (regol).
lawang butulan: n. kori butulan k: lawang ing sakiwa-têngên (saburining) cêpuri.
lawang kupu tarung: n. kontên kupu tarung k: lawang sing mawa inêb-inêb loro
lawang kori: n. kontên kori k: lawang ing regol (gapura).
lawang lèrègan: n. kontên lèrègan k: lawang sing dilèrègake.
--- 264 ---
lawang monyetan ~ lèhèh-lèhèh.
lawang monyetan: n. kontên monyetan k. lawang sing inêb-inêbe paron (ngisor-dhuwur).
lawang sêkèthèng: n. kontên sêkèthèng k. lawang ing gapuraning nêgara (desa).
lawang tangkêban: n. kontên tangkêban k. lawang sing inêb-inêbe mung siji.
lawang-tobat: kainêban [x] kn. wis ora bisa olèh pangapura.
lawar: ut. [x]-an kn. wantahan, tanpa nganggo wuwuhan apa-apa tmr. ngombe, nguntal jamu lsp.
lawas: n. lami k. 1 (ut. dangu k.) wis kêpungkur suwe, wis suwe wêktune; 2 wis wiwit dhèk biyèn; 3 (ut. dangu k.) suwening wêktu; 4 wis suwe ênggone nganggo tmr. barang-barang, kb. anyar; [x]-[x]: suwe-suwe; sa-[x]-e: sasuwene ing sajroning wêktu sing suwe; sa-[x]-[x]-e: sajêge, tumêka ing wêktu sing suwe bangêt.
lawat: I êngg. kn. layat, tilik, tinjo. II ng-[x]-ake kn: 1 ngaburake dara supaya kêkalangan ut. dianggo balapan; 2 pc. nglilakake somahe nglakoni ala; [x]-an êngg. balapan (dolanan) dara.
lawe: kn. 1 bolah lêmbut sing arêp ditênun; 2 sa-[x] bêntêt: 25 wutuh; di-[x]: digantung sarana dijirêt gulune; kêrtas [x]-an (lawenan): dhuwit kêrtas f 25.
lawèh, lawih: (ut. [x]-an) kn. ganjêl ing lambening kêrên (luwêng) supaya nggronggong; di-[x]-i: 1 didèkèki lawèh (lawih); 2 dilawani, dipitulungi supaya bisa ngadêg (mlaku).
lawe matêng: kn. lawe sing wis diputih lan disêkuli.
lawe mêntah: kn. lawe sing durung digarap.
lawèt: kn. bngs. sriti.

lawe wênang: kn. lawe sing dianggo gêlang (kanggo nulak lêlara).
(lawêd): ng-[x] kn. 1 ngulêd barang sing lêmbut nganggo banyu; 2 mluku sing kapindho.
lawêh: kw. lawuh.
lawêr: êngg. kn. 1 lawas, suwe; 2 kasèp ênggone awoh (manak).
lawih: kn. kc. lawèh.
lawis: pc. lawas bangêt.
lawuh: kn. 1 êngg. wuwuhan dianggo nyampuri (adon-adon ing jamu lsp); 2 iwak lsp. sing dipangan bêbarêngan karo sêga; di-[x]-i: 1 dicampuri, didèkèki adon-adon; 2 didèkèki lawuh.
(lawun): I [x]-[x] êngg. kn. ampak-ampak, pêdhut, kc. awun. II ka-[x]-[x] kw: kaluwih-luwih, gêlis gêdhe.
lawung: I kn. tumbak; ora candhuk [x] pr: ora têpung babar pisan; ora têmbung ora [x] pr: njêjupuk apa-apa tanpa nêmbung; ng-[x]: numbak; duta pang-[x] br: utusan sing bali awêwarta katiwasan; pa-[x]-an: piranti (papan) dianggo nyimpên tumbak (kêris, pusaka). II kêbo [x] n. maesa [x] k: kêbo umbaran (ora dimêgawèkake); ng-[x] br: ngumbara, ngumbar; di-[x]-ake: diumbar ora dimêgawèkake tmr. kêbo.
lawon: I kn. mori; [x] mêntah: lawon sing durung disêkuli lan durung diputih. II kc. lawun.
(lawung): (lê) [x]-an êngg: nywara sêru; kc. tumlawung.
le: I pc. thole. II pc: olèhe (ênggone).
(lèb): ngê-[x]-i kn. 1 nglubèri, ngêlêbi, nglimputi; 2 êngg. ngêsahi; ka-[x]-an: kêlubèran, kêlimputan ing banyu lsp.
(lebot): ng-[x]-ake êngg: ngliyêrake (ngijolake) panggawean; [x]-an êngg: liyêran panggawean (gêntenan).
(lebrag): ng-[x] êngg. pc. katon jêmbar, ngglodhag.
lebrak: kn. ar. gêndhing.
leda: kn. sêmbrana, kurang tumêmên; lêleda: lêlewa, saradan.
lèdèng: kn. lèlèh, mèh luluh tmr. malam lsp.
lèdèr: pc. jêmèk, lèdèng.
ledre, lèdrèg: kn. jêmèk, mblêthok.
lèdrèk: kn. ngêmu banyu, jêmèk.
leja: kn. ar. bakal.
lèjèg: kn. 1 jêblog lan mbludhuk tmr. dalan lsp. (marga kêrêp diambah); 2 kêrêp têka ing; [x]-an ks: palanyahan; kc. lijig.
lèjêm: ut. lêlèjêm kw. 1 karêp, maksud; 2 pc. sêmune, pasêmoning polatan; di-[x]-i: disasmitani, disêmoni.
ledhang: ut. lêledhang kn. dolan-dolan nglêlêjar ati.
lèdhèk: I pc. tlèdhèk. II nglèdhèk kn: mbêbeda.
lèdhès: kn. jèlès marga kakèhan mêlèk.
lèdhêng: (W) kn. 1 pipa dalan banyu pangombèn, banyu pangombèn mêtu ing pipa; 2 sidhatan kalenan dalan banyu.
lêdhog: êngg. kn. jêmèk, blèthok.
legang: êngg. kn. lêgèh.
(lègèg): [x]-[x] pc. linggih ndêgèg sarta ndhangak.
(lègèh): kc. lègèg.

(lègèr): ng-[x] êngg.pc. wuda.
lègêr: I (W) kn. tong gêdhe kanggo wadhah banyu. II (W) kn. 1 layang turunan sing disimpên (bab pajêg lsp); 2 êngg. wong lanang sing dadi warganing desa.
legung: kc: plegung.
legoh: kn. regoh.
(legok): [x]-[x] kn. têtikungan menggak-menggok tmr. dalan, kali lsp; [x]-an: 1 êngg. enggok-enggokan; 2 tikunganing kali lsp; kc. lenggok.
lèh: I (ut. [x]-e pc. olèhe (ênggone). II êngg. pc: 1 lah, ta!; 2 jêr. III di-[x]-ake pc: diwêlèhake; kc. wêlèh, walèh. IV di-[x] êngg pc: diêlih; kc. lih.
lehah-lehah, leha-leha: êngg. pc. ngenak-enak, anggur-angguran.
lèhèh-lèhèh: êngg. kn. linggih sendhenan ngenak-enak.
--- 265 ---
lèhèr ~ lèmpèng.
lèhèr: êngg. kn. gulu.
lèhya: (S) kw. ak. panganan.
lèi: (W) kn. sabak.
leyad-leyod: kn. ora jêjêg tansah arêp mleyot.
leyak-leyok: kn. ngidak (ndumuk) apa-apa sing mlênyok (jêmèk).
(leyang): [x]-an kn. sêsèndhèn nyangga; kc. liyang.
leyar-leyor: kn. 1 miyar-miyur, ora jêjêg; 2 ora têtêp atine.
(lèyèh): [x]-[x], [x]-an kn. têturon mlumah sarta sendhenan.
(lèyèk): ng-[x] kn. mayat (dhoyong) arêp rubuh; [x]-an: ar. dolanan bocah (bocah loro padha nglèyèk, sikile digathukake, tangane cêkêl-cêkêlan banjur mubêng).
leyo: (W) kn. singa.
(leyod): [x]-[x] kn. miyut-miyut ngiwa nêngên; ng-[x]-i pc: 1 nggandhuli, nggèndholi; 2 ndhêlik ing.
(leyok): ng-[x] kn. ndulit apa-apa sing jêmèk; kc. leyak-leyok.
leyong: (C) kn. bngs. naga gêdhe.
lèk: I kn. katon tmr. rêmbulan; 2 tanggal (ênom); 3 br. sasi; 4 sasi (suwene wong mêtêng_; 5 wêktu lairing jabang bayi; padha dene [x] sanga: padha dene wong lumrah (sing ênggone ana ing guwa-garba sangang sasi). II pc: wc. mêlèk, (akon mêlèk); di-[x]-i: ditunggoni (dijaga) kalawan mêlèk; di-[x]-ake: dibukak matane; [x]-[x]-an: padha mêlèk (nunggoni wong lara lsp); kc. êlèk, mêlèk. III pc: 1 olèhe; 2 duwèke; kc. olèh. IV (ut. [x]-e, [x]-ne) êngg. pc: yèn, samangsa. V êngg. pc: banjur, nuli, enggal. VI ([x] kêpeiye) êngg. gèk kêpriye.
lekak-lekok: pc. menggak-menggok, têtikungan; kc. likak-likuk.
lèkèk-lèkèk: kn. gumuyu cêkakakan.
lèkêr: (W) pc. 1 enak; 2 kêpenak, nikmat; [x]-an: 1 nikmat-nikmatan; 2 ulah rêsmi padha wadon.
lèkne: êngg. yèn, samangsa, mênawa; kc. lèk.
lekoh: kn. 1 campur adhuk tmr. pangan lsp; 2 crêmêdan, jênês tmr. gunêm ut. têtêmbungan.
lèkrèk: kn. lokro, logro, wis ora sêrêd.

lela: I kn. ak: bngs. mriyêm cilik. II ng-[x] êngg. kn: ngegla, tetela, cêtha bangêt. III [x]-[x] kn: têtêmbungan ing sindhenan ngênêng-ênêngi bocah; di-[x]-[x]: dirêngêng-rêngêngake murih mênêng ut. turu (tmr. bocah cilik).
lelah-leloh: kn. peloh, tanpa kakuwatan.
lelang: (Prt) kn. adol tuku) barang ing umum sing pangênyange sarana onjon-onjonan; di-[x]: dituku sarana lelang; di-[x]-ake: diêdol sarana lelang; [x]-an: 1 barang-barang sing dilelang (dilelangake), rêgane, anggone lelang; 2 papan dianggo lelang.
lelar-lelur: kn. aras-arasên (tanpa krekat).
lele: kn. iwak kali.
lèlèh: I kn. lèdèng arêp ajèr tmr. malam lsp; ng-[x] kn: têturon katon aras-arasên (kêluwèn).
lèlèr: I kn. 1 panyoba (panguji) arêp nyumurupi ala bêciking êmas; 2 telaking kalakuan (kapintêran); di-[x]: 1 digosok ing watu uji arêp disumurupi ala bêcike tmr. êmas; 2 didadar (dicoba) arêp disumurupi kapintêrane ut. ala bêcike: pang-[x]-an: piranti kanggo nglèlèr. II di-[x], [x]-an êngg. kn: wis digaru kang wêkasan (mung kari nanduri tmr. sawah); kc. anglèr, lèr. III kn: ganjaran; di-[x]: diganjar; kc. palèlèr.
lèlès: I kn. 1 nisih, sumingkir; 2 êngg. pc. têtêmbungan kanggo ngêlokake yèn ngonangi gunêming liyan sing sumêdya ngapusi lsp; kc. anglès, lalis. II ng-[x] êngg. kn: 1 grèsèk-grèsèk, golèk kècèran pari lsp; 2 njêjaluk.
(lèlèt): di-[x]-i kn. 1 digupaki sarana driji kadulitake; 2 pc. dikatutake ala; di-[x]-ake: didulitake ing; kc. klèlèt.
(lelur): ng-[x] kn. aras-arasên (tanpa daya); kc. lelar-lelur.
lembak-lembak: kn. 1 obahing alun; 2 êngg. kumambang kumpul-kumpul.
lembang, lumembang, mlembang: kn. mlembar, ngalih ênggon; di-[x] êngg. kn: diiling ing wadhah liya; kc. limbang.
(lembar): lumembar, mlembar kn. alihan mêncolot (mènèk) ing wit liya, alihan mênyang panggonan liya; di-[x]-ake: dilembatake.
(lembat): lumembat, mlembat kn. mlembar, mlembang; ng-[x]-ake: ditundhakake (pagawean dhawuh, lsp) marang liyan; (lê)[x]-an: 1 alihan marang liya panggonan; 2 nundhakake pagawean lsp. marang liyan; 3 sêsèndhèn ing liyan supaya katut kadakwa lsp.
lembehan, lembeyan: kn. 1 obahing tangan maju mundur ing nalikane mlaku; 2 mlaku tangane obah maju mundur.
lèmbèr: êngg. pc. kênès.
lèmbon: kn. karêm (gampang enggal) turu; ng-[x]-i: umur-umurane bocah lagi sênêng-sênênge turu; ke-[x]: 1 kêturon; 2 weya, kurang ngati-ati.
lembong: kn. bngs. kimpul.
lèmèk: kn. apa-apa sing dianggo lambaran (dluwang, klasa, godhong lsp); di-[x]-i: didèkèki lèmèk, dilambari; pa-[x]: opahan marang bong; [x]-an têbu êngg: sawah sing sabakdane panèn tumuli ditanduri têbu.

lèmèr: ut. [x]-ên kn. 1 ora antêpanl gleca-glece; 2 dhêmên laku ngiwa tmr. wong wadon.
lèmèt: kn. gèpèng atipis, tipis ora nyaprang tmr. brêngos; ng-[x] êngg: nglelur, ngêlêr.
lemunan: êngg. kn. sinaput ing pêdhut; kc. limun.
(lempar): di-[x] (M) êngg. pc. dibalang. dibuwang.
lèmpèng: kn. 1 gèpèng tipis; 2 ar. panganan.
--- 266 ---
sing digawe kêtan ut. kêtela diplènèt gèpèng; 3 êngg. tampangan têmbako; 4 (ut. [x]-an) êngg. blabag, blebekan.
lèmpèr ~ (lèpi).
lèmpèr: I kn. cowèk, layah. II kn: mèh pêpês (apês) tmr. sikile bocah cilik.
lempoh: kn. 1 pêpês sikile (ora bisa mlaku; [x] ngidêri jagat pr: wong asor njangka pangkat kang luhur (nglêngkara).
lempong, lêmpong: êngg: kasur.
lèn: kw. liya, seje.
lena: I kn. kurang wêweka, kêtlompèn nganti nêmahi bêbaya lsp; lêlenan: kêtiwasan marga kurang wêweka. II (S) kw: ilang, mati.
lenah: I kn. ar. bakal rupane putih digawe klambi jas lsp. II êngg. kn: sawah sing dumunung ing ngisor (loh lan prayoga bangêt ditanduri).
lenang: êngg. lanang.
lèndèr: sêmbèr [x] kn. mblabak, dhêmên laku ngiwa tmr. wong wadon.
lènjèh: kn. 1 logro, lobok marga kêrêp dianggo tmr. kunci lsp; 2 jêlehan, ora antêpan.
lendhang: êngg. kn. 1 kêmbên; 2 slendhang.
lendhe: (ut. [x]-[x]) êngg. kn. gumampang, ora kêna dipracaya.
(lèndhèh): ng-[x]-i kn. lungguh awake sumendhe ing; [x]-an: lungguh sêmendhe.
lendheyan: êngg. ukiran; kc. landheyan.
(lèndhèt): ng-[x]-i êngg. pc. nglèndhèhi.
lèndhêk: êngg. kn. rêmbên, rêndhêt ajune.
lèndhi: kw. palanyahan.
lendho: êngg. kn. loh bangêt tmr. sawah.
(lendhot): ng-[x]-i êngg. kn. nglèndhèhi; [x]-an: 1 lèndhèhan karo nggondhèli; 2 migunakake pitulunganing liyan.
lènèng: êngg. kn. matêng kabèh.
lening: I (W) kn. palang gocèkan ing krêtêg lsp. II (W) kn: utang dhuwit, piutang.
leno, lenong: mak [x] kn. katêranganing nglèlèti sing nganti akèh dlêmoke.
lentab: êngg. kn. mrèmèn.
lentrah-lentroh: kn. tanpa daya; kc. lentroh.
(lèntrèng): ng-[x] kn 1 katon dawa larikane; 2 mènyèt-mènyèt supaya tipis lan amba.
lentring: kn. ar. wanguning timang mawa mata intên.
(lentroh): ng-[x] kn. katon tanpa daya, ora sigrak.

lèncèr: I êngg. kn. jagoan. II ng-[x] kn: 1 dolan-dolan; 2 êngg. sanja.
lencok: êngg. kn. ngliyêr, ngalih.
lenthang-lenthang, lènthèng-lènthèng: êngg. pc. lonthang-lonthang (mlaku ora nggêgawa apa-apa).
lènthêng: mak [x] pc: katêranganing pambalang kang kêna.
lenyam-lenyom: êngg. pc. mencla-mencle.
lènyèd: kn. lèdrèk ngêmu banyu, mlênyèk.
lènyèh: pc. mlènyèk.
lèng: kn. 1 bolongan ing lêmah dadi dununging gangsir lsp; 2 bolonganing dom; 2 (ut. [x]-[x]--an) bolongan irung lsp; ang-[x] br. ngêlèng: lumêbu ing lèng.
lenga-lengo: kn. thingak-thinguk katon bodho.
lengah: ut. [x]-[x] êngg. kn. lena, sêmbrana.
lengah-lèngèh: pc. tansah gumuyu mlèngèh; kc. plèngèh.
lengah-lengoh: kn. katon sumèh ndêmênakake tmr. wong wadon.
(lenge, lênge): [x]-[x] kn. ora obah-obah marga warêg bangêt, sayah lsp.
(lèngèh): ng-[x] kn. gumuyu ora nywara (mung mênga cangkême); kc. plèngèh, plêngèh.
(lèngèk): [x]-[x] kn. lungguh (mlaku) gulune nglangak; ng-[x]: nglangak, ndhangak, nglongok.
(lèngèng): di-[x] ks. têmbung pêpisuh.
lèngèr: êngg. kn. sêmbrana, gumampang.
lenggak-lenggok: kn. gela-gelo munggah mudhun; kc. lengkak-lengkok.
lenggang: kn. oyag-ayig kabandul ing alun, lembeyan.
lènggèr: êngg. kn. tlèdhèk lanang.
lenggok-lenggok: kn. gela-gelo kaya patrape ula nglangi; kc. lenggak-lenggok.
(lenggong): [x]-an êngg. legokan, lengkongan.
(lenggor): ng-[x] êngg: milihi wiji pari.
(lenggot): [x]-[x], [x]-an kn. miyat-miyut kaya patrape wong sing ngantuk.
lenggot-bawa: kw. bngs. tlèdhèk kadewan.
lengkak-lengkok, lengkat-lengkot: kn. gela-gelo mingar-mingêr (mratandhani yèn êmoh).
lengkang: êngg. k. longkang.
lèngkèr: kn. ar. gêndhing.
lèngkèt: kn. rakêt (kêlèt) bangêt.
lengko-lengko: kn. engkol-engkol, lengkok-lengkok.
(lengkok): di-[x]-[x] pc. digawe têtikungan (engkol-engkol); kc. lengkak-lengkok.
lengkong: kn. tikung, enggok-enggokan; ng-[x]: menggok nikung; [x]-an: 1 tikungan, enggok-enggokan; 2 lempongan; 3 êngg. sênthong guthêkan.
lèngkrèngan: êngg. kn. rengrengan bathikan.
lènglang: êngg. kn. lelang.

lengoh: kn. ndêmênakake; kc. lengah-lengoh.
lengos: kc. plengos.
lengot: êngg. kn. lali, lalèn.
lèngsèr: I kn. 1 bngs. tembor bundêr; 2 ar. watu kang atos. II kn: mundur saka ing pasowanan; di-[x]: diingsêt, dilorod tmr. piring lsp.
lepa: 1 (S) kw. pupur, blonyo; 2 kn. adon-adonan gamping karo wêdhi dianggo ngrakêtake bata ut. mopok tembok; 3 lêmah sing dianggo mopok galêngan lsp; di-[x]: 1 dipopok nganggo lepa; 2 pc. ditutupi murih aja katon ala.
lepak-lepak: êngg. k. lopak-lopak.
lepaka: (S) kw. jênês, rêgêd.
lèpèk: kn. 1 lètèr, wrata, tanpa jalu tmr. jago; 2 êngg. (ut. [x]-an) cawan, piring cilik.
lèpèn: 1 k. kali; 2 êngg. k. ali-ali.
lèpèt: kn. rêrêgêd sing krakêt (dilèlètake); ng-[x]-i: 1 ngrêgêdi, ndlêmoki, nglèlèti; 2 njalari alaning liyan; ke-[x]-an: 1 kêdlêmokan rêrêgêd; 2 katut ala.
(lèpi): kalepyan kw. 1 bingung, kuwur, lali; 2 êngg. k. lali.
--- 267 ---
lepya ~ (lecun).
lepya, lepyan: êngg. k. lali; kêlepyan: kêlalèn.
lèplèpan: êngg. kêlap-kêlap, gêbyar-gêbyar.
lèpca: êngg. kn. kêjèn.
lèr: I k. lor. II di-[x] kn: 1 dijèmbrèng (diwratakake) supaya kanginan; 2 dibukak (diblak) supaya isis; 3 pc. diwartakake tmr. prakara wadi lsp; kc. anglèr. III kw: turun; ang-[x]-ake: nurunake.
lerab-lerab: kn. katon bêning gumêbyar tmr. banyu ing papan sing jêmbar.
lerag-lèrèg: kn. 1 mingsêd sumodhog bola-bali; 2 êngg. kalawan kas lan cancingan anggone tumandang (têtulung lsp); kc. lèrèg.
lerah-lerah: kn. katon abang sarta akèh tmr. gêtih.
lera-lere, lera-lero: kn. mletre (obah) ngiwa nêngên rikat.
leram: êngg. kn. pangling, lali.
lerang-lerong: pc. clerongan.
lerap-lerap: kn. katon bêning gumêbyar tmr. lumahing banyu.
lere: mak [x] kn. kateranganing kêplèsèd (obah) sing rikat; kc. plere, pletre.
lèrèg: kn. 1 obah mingsêt (mletre) rikat; 2 dhoyong marang, nisihing surasa, up. [x]-ing gunêm, [x]-ing têmbung; ng-[x]: sumingkir nisih (pêrlu ngendhani); di-[x]-ake: disodhokake, diingsêt; [x]-an: 1 lawang sing yèn ngêngakake ut. nginêb sarana dilèrègake; 2 slorokan; kc. lumèrèg.
lèrèh: kn. 1 êngg. sarèh, lêrêm; 2 êngg. lèrèn, mandhêg; 3 êngg. nginêp; 4 sèlèh (lèrèn) anggone ngrênggêp pangkat; di-[x]-i: 1 disarèhi, diêlon-êlon; 2 dipocot anggone cêkêl gawe; di-[x]-ake: 1 disarèhake, ditêntrêmake, dilêrêmake; 2 disèlèhake tmr. pagawean; ka-[x]-an: bawah, wêwêngkon; kc. rèh, rèrèh.

lèrèh-lèrèh: kn. pating dlarèng abang tmr. gêtih.
(lèrèk): [x]-[x] pc. lorèng-lorèk; ng-[x]-ake: nglèlètake apa-apa mangun corèk dawa.
lèrèn: n. kèndêl k. 1 mandhêg ora nêrusake lakune (pêrlu ngaso); 2 mandhêg, ora têrus tmr. nyambut gawe lsp; 3 lèrèh (saka pagawean); dci-[x]-i: 1 ora ditêrusake lakune, diuwisi; 2 dilèlèhi, dipocot.
lèrèng: kn. corèk dawa mayat tmr. bathikan.
lèrèp: I kn. walulang sing kêna dilèrèg-lèrègake kaya dene cathok, sangga-wêdhi lsp. II êngg. kn: saèm. cangkir sing digawe lêmah. III êngg. kn: blêntong putih ing gèmbèling jago ut. ing godhong.
lèrès: I kn. 1 mundur ngendhani tmr. pêrang; 2 pc. mung lêlamisan, mung dianggo gêlar; pêrang [x]: pêrang sing agêlar mundur. II di-[x] êngg. kn: diiris (disigar) mujur.
(lèrèt): [x]-an kn. 1 kayu palangan ing wod dianggo gocekan; 2 tali (tampar) dibancang ing kali dianggo gocèkane wong sing nglakokake prau; 3 lantaran, sarana murih katêkan sing dadi sêdyane.
lèri: êngg. pc. lori.
lering: êngg. kn. pit.
lèrlèran: kn. 1 apa-apa sing diêlèr; 2 sawah sing wis digaru sing wêkasan (mung kari nanduri); kc. lèr, lèlèr, anglèr.
(lerob): di-[x]-(i) kn. dicidhuki (disisihake) sing padha kumambang (umpluking barang sing digodhog).
(lerod): di-[x]-i êngg pc. dikêsudi, dikorèdi.
(lerong): di-[x]-pc. dilèrèki, diclerongi.
lèrwèh: kn. kurang ngati-ati ênggone sêsimpên (nyèlèhake), lalèn.
lès: I kn. lis, kêndhali jaran rakitan; diê-[x]-i: dikêndhalèni. II di-[x] kn: dituju, diênêrake ing; kc. lesan. III ang-[x] kw: lunga, sumingkir, ngoncati; di-[x]-i kn: ditinggal, dioncati, disingkiri. IV (W) kn: piwulang, kursus.
lesa: kw. wc. klesa, kalesa.
lesan: I kn. 1 apa-apa sing diêlès (dituju, diincêng); 2 wong-wongan lsp, sing dipanah (dibêdhil); 3 (dianggo [x]) dianggo patèn; 4 apa-apa sing nandhang wasesane tmr. paramasastra; kc. lès II. II kn: calon jabang-bayi, widhungan. III (ut. lisan) (A) kn: 1 cangkêm; 2 ijoan (mung sarana gunêman ora katulis).
lèsèh: kn. 1 padha sumèlèh ngglasah lng lêmah; 2 pc. têturon (linggih) ing lêmah; [x]-an: padha linggih (sumèlèh) ing lêmah (klasa).
lèsèng: êngg. kn. madhas tmr. lêmah.
(lèsèr): di-[x] êngg. kn. ditarik, disèrèd.
lèsêng, lesing: (W) kn. sêsorah.
lesiyun: (W) kn. prajurit.
lesya: kw. ak. ulas-ulas, sêngadi, api-api.
lesyus: kw. lesus.
lèsnar, lêsnar: (W) kn. 1 meja cilik sing lumahe mayat; 2 pêthèn, slorokan (wadhah layang-layang).
lesus: kn. têmpuking angin sing mungsêr.
lesoh: êngg. kn. lisuh.

lèstrik, lèstris: kn. elèktris.
leswa: kw. lesya.
lètèh: êngg. kn. lèthèh.
lètèr: I kn. wrata (ora mbrênjul lan ora lêgok). II ng-[x] êngg. kn: 1 nglêtêr (njogèd alus sarta suwe); 2 ngglèntèr tmr. bocah cilik.
lètêr: (W) kn. 1 aksara; 2 tulisan sing aksarane gêdhe-gêdhe; 3 blabag lsp. sing tinulisan jênêng lsp; di-[x](i): didokoki lètêr.
lètêrsètêr: (W) kn. tukang nata aksara cap-capan.
(letre, lètrèk): di-[x] kn. diêlèr (jênang lsp) diwratakake.
lètrèk: kn. ar. lurik tênunane arang-arang warnane abang lsp.
lècèk: kn. 1 wis ora sêrêt tmr. anjing-anjingan; 2 ora antêpan pasuwitane; 3 êngg. licik tmr. jago; 4 êngg. pc. sênêng mêmisuh.
(lecun): sa-[x] êngg. pc. akèh bangêt; di-[x] êngg. pc: diapusi.
--- 268 ---
(lecok) ~ (lêgèyèh).
(lecok): ng-[x] êngg. kn. nocoh kinang ing gobèk.
lèthèh: kn. rêgêd sarta jêmèk; [x]-an: 1 papan sing rêgêd sarta jêmèk; 2 dolanan ana ing papan sing lèthèh.
letho: mak [x] pc. mak leno (nglèlètake barang sing saèm. bubur lsp).
(lethok): sa-[x] kn: sadulitan (rada akèh tmr. sambêl lsp); di-[x]-i: dilorèngi, dilèlèti.
lethong: pc. tlethong.
lethop-lethop: êngg. pc. telap-tèlêp tmr. mêmangan.
(lewa): lêlewa kn. patrap sing digawe-gawe murih nggêgèndèng ati.
lewar: kn. ora pênêr, ora nurut ênêre; kc. liwar.
(lèwèh): [x]-an êngg. pc. lêgokan kaya kalenan ing kayu lsp; kc. blèwèh.
lèwèr: kn: 1 lobok, lècèk; 2 (sêmbèr [x]) dhêmên laku ngiwa.
lèwêg: mak [x] kn. katêrangan tumamaning lêlandhêp ing barang sing êmpuk.
(lêb): I di-[x]-(i) kn: diilèni banyu nganti ngêndhong (warêg); ke-[x]-an: kêbanjiran, kilènan banyu nganti ngêndhong. II di-[x]-i êngg: diinêbi (lawang).
lêbak: kn. palêmahan wrata sarta jêmbar dumunung ing papan sing èndhèk (jêjurang lsp); [x]ilining banyu pr: kalumrahane kaluputane panggêdhe ditibakake marang karèrèhane.
lêbar: kn. 1 luwar, jugar; 2 wis rampung ut. lèrèn tmr. nyambut-gawe, mangsa ungsum wowohan lsp; 3 bakda, sawise; [x] lahan (nglalahan): tanpa ana kêdadeane (kawusanane); [x] tarub: 1 bakda duwe gawe; 2 wis kasèp; di-[x]-ake: 1 dibubarake, dijugarake; 2 dilêmparake (ora dirêmbug); 3 dirampungake, dianggêp sah tmr. utang-piutang.
lêbaran: I êngg. kn. (lêbaran Pasa) riyaya bakda Pasa (tanggal 1 Sawal): [x] Bêsar (kaji, haji) êngg: riyaya ing sasi Bêsar tanggal 10 (mangsane wong munggah kaji); [x] kupat êngg: riyaya tanggal 8 Sawal. II kn: têgal (sawah) kang mêntas diundhuhi pamêtune; kc. bêra.
lêbda: kw. mumpuni ing sawijining kawruh; kc. labda.

lêbe: êngg. kn. kaum ing padesan.
lêbêk: kn. kêrêp diambah ut. akèh sing liwat tmr. dalan.
(lêbêng): di-[x] kn. 1 dioncori nganti warêg bangêt; 2 diuja pangane supaya lêmu; [x]-an êngg: sawah ing têpining kali.
lêbêt: k: 1 jêro; 2 lêbu (kb. wêtu).
lêbih: êngg. luwih.
lêbu: I kn: 1 blêdug, lêmah sing lêmbut; 2 êngg. wêdi sing ngêmot uyah. II n. lêbêt. k mênyang ing jêro, kb. wêtu; ma-[x] (mlêbu); 1 mênjêro, mênyang ing jêro; 2 mênyang ing, up. mlêbu sêkolah; 3 dadi, up. mlêbu kumpêni (saradhadhu); nglêboni: 1 mlêbu ing; 1 ngisèni sarana nglimpèkake; nglêbokake: 1 agawe supaya mlêbu; 2 masokake, ngladèkake; 3 ngaturake supaya katampa (ing iksamên, dadi murid lsp); ka-[x] (klêbu): 1 kêcêmplung ing, mlêbu sing ora disêngaja; 2 wis katampa anggone iksamên (njaluk pagawean lsp); 3 kagolong, kaewokake; kc. lêbon.
lêbuh: kn. 1 ara-ara, palêmahan suwung (ora tinanduran); 2 dalan; 3 êngg. papan pambuwangan rêrêgêd; 4 êngg. bale desa; ora wêruh ing [x] pr: ora ndalan (ora mangêrti tata-krama); di-[x] êngg: dibuwang.
lêbuk-lêbuk: êngg. pc. têmbung sabawaning gumun ut. kagèt.
lêbur: kn. 1 ajur luluh; 2 sirna, rusak babar pisan; 3 ilang, bur tmr. gadhèn (ora kêna ditêbus); 4 wis diapura tmr. dosa kaluputan lsp; di-[x]: 1 diêjur, diluluh; 2 disirnakake; diapura dosane (kaluputane).
lêbus: pc. katon rêgêd gupak awu (blêdug); kc. klêbus.
lêboh: êngg. pc. lêbuh.
lêbon: n. lêbêtan k. 1 apa-apa sing kudu diladèkake ing mangsa sing wis ditêtêpake; 2 cicilan utang; 3 kèhing wragad (bakal) sing dianggo gawe, up. omah iki [x] f 2000; klambi [x] 4 elo; kêna [x] êngg: kêlêbon wisa lsp; kc. lêbu.
lêd: [x] pait kn. tabêt rasa pait; di-[x]: diulu, diêlêg tmr. idu; kc. lêd-lêd.
lêd-lêd: kn. gurung; lêd-lêdan: apa-apa sing dianggo nggampangake panguntale jamu.
lêjar: êngg. kn. mari sêdhih, mari mangkêl, wis sarèh sarta marêm; nglêlêjasr, ng-[x]-ake: ngarêm-arêmi ati, nglêlipur supaya lêjar.
lêdhêg: êngg. kn. jêblog, mblêthok.
lêdhis: I kn. mambu apêk (kaya upamane sandhangan ora tau diwasuh). II êngg. pc: ludhês, êntèk babar pisan.
lêdhung-lêdhung: kn. katon subur sarta akèh godhonge.
lêdhok: kn. 1 lêgok amba tmr. lêmah; 2 (ut. [x]-an) palêmahan sing lêgok (marga amblêg lsp).
lêg: mak [x] kn. katêranganing ngulu; di-[x]: diulu; kc. êlêg, klêlêg.
lêga: kn. 1 êngg. kobèt, ora sêsak; 2 ora bêbêg tmr. wêtêng; 3 krasa kêpenak ênggone bêbanyu (ora kêdhêdhêlên); 4 wis sênêng (marêm) dening kalêksanan sêdyane; 5 ([x]-lila) dhangan, lila bangêt, ora bakal gêtun; 6 êngg. kobêr, ora duwe pagawean; nglêgani: agawe lêga (marêm) ing liyan; nglêgakake: 1 njalari lêga; 2 marêmake.

lêgan: kn. 1 angguran; 2 ora duwe anak bojo tmr. wong wadon; [x] golèk momongan pr: wong wis kêpenak golèk kangelan; kc. lêga.
lêgandha: kn. ar. panganan sing digawe kêtan dibuntêl ing janur.
lêgawa: kn. loma, dhêmên wèwèh (têtulung) kanthi lila têrusing ati.
lêgèh: kn. 1 tanpa momotan (gawan); 2 mlaku ora nggêgawa apa-apa.
(lêgèyèh): ng-[x] kn. têturon (sêsèndhèn) ngaso.
--- 269 ---
lêgèn ~ lêmah.
lêgèn: kn. banyu dèrèsan manggar; kc. lêgi.
(lêgese): ng-[x] pc. nglêgoso, têturon.
(lêgewa): ng-[x] kn. duwe panyana (mangêrti) marga nyumurupi pratingkahing liyan.
lêgêdan: kn. watak, pêpenginaning ati.
lêgêg-lêgêg: kn. mênêng bae dening judhêg (sêdhih lsp).
lêgên: êngg. k. lugu (pokoking pawitan).
lêgêna: aksara [x] kn. aksara sing tanpa sandhangan; sasi [x] êngg: sasi Dulkangidah; ng-[x]: 1 wuda; 2 pc. barès, wantahan.
lêgêndar: kn. ar. panganan sing digawe bêras diadoni blêng; krupuk [x]:krupuk saka lêgêndar.
lêgêndêr: mak [x] kn. katêranganing ngulu têrusan bae.
lêgênjong: kn. lumaku amba jangkahe.
(lêgêr): ng-[x] êngg. pc. lêgêg-lêgêg.
lêgêsêr: mak [x] pc. mingsêt (lunga) alon-alonan.
(lêgêsês): ng-[x] êngg. pc. (turu) kêpenak bangêt, anglêr.
lêgêtan: I kn. ar. têtuwuhan. II kn: lêgêdan (watak, pêpenginaning ati).
lêgi: kn. 1 rasa kaya dene rasaning gula; cs. 6; 2 ar. dina pasaran sing kapisan; dilêgèni: diladuki lêgine.
(lêgu): nglêgoni kn. mbungahake atining liyan.
lêgundêr: (W) kn. prajurit jêjaranan.
lêgundhi: kn: ar. têtuwuhan.
(lêguta): ng-[x] kn. manuh, matuh; dilêgutakake: dimêmanuh, dikulinakake; lêgutan: kamanuhan, pakulinan.
lêgo: kw. ak. gojag-gajêg, rikuh, ringa.
lêgojo: (Prt) kn. singa-nêgara (tukang ngukum kisas).
lêgog-lêgog: kn. linggih dhêlog-dhêlog.
lêgoyoran: êngg. kn. sênggoyoran, gloyoran.
lêgok: kn. 1 dhêkok, ora mbrênjul; 2 êngg. lêdhok; 3 êngg. jêro anggone ngêdhuki; [x]-an: 1 jluwogan, lêdhokan; 2 lumah sing lêgok.
lêgon: kn. sêmèn (trubusan) kelor ut. dhadhap (dianggo tamba).
lêgoso: mak [x] kn. katêranganing têturon satiba-tibane; ng-[x]: têturon satiba-tibane.
lêhêng: êngg. kn. luwung.
lêyêh: kw. ak. lunyu; ka-[x]: kêplèsèd.
lêyêp: kn. layap-layap.
lêk: I a-[x], ma-[x], ang-[x] kw. sêdhih, ngênês. II lêk-lêkan kn. lêgokan ing lêkêraning kulit.

lêka: kn. wêka.
lêkak: kn. rasa kumranyas ana ing gurung.
lêkak-lêkik: kn. akèh lêkikane, padha dhêkik.
lêkas: kn. 1 wiwit, wiwit nggarap; 2 br. kalakuan, patrap; 3 êngg. pc. rikat, enggal; di-[x]-1: diwiwiti nggarap; [x]-an: wiwitan tmr. garapan.
lêkêk: pc. cêndhak tmr. gulu.
lêkên: êngg. kn. wêkêl, sabar sarèh.
lêkêr: kn. 1 nêkuk rêringkêlan awangun bundêr tmr. ula, tampar lsp; 2 bundêr gêgêlangan; 3 kubênging bundêran; ng-[x]: 1 mbulêt mangun bundêran (têtumpukan). up. ula ng-[x]: 2 ks.turu ngringkêl; di-[x](-[x]): ditêkuk nglêkêr tmr. tali; ula ng-[x]-i mêmangsane; lêlêkêran: katon têtêkukan rêringkêlan tmr. kulit (marga saka lêmu bangêt).
lêkêt: kn. 1 rakêt; 2 kulina bangêt, rakêt bangêt ênggone mêmitran (sêduluran).
lêkêtêp: mak [x] kn. sanalika mlêbu kacêp.
lêkik: kn. lêgok cilik ing pipi.
lêkoh: kn. jêmbêg, mblêthok.
lêkok: kn. lêgok, dhêkok.
lêkotro, lêkotrok: mak [x] pc. sanalika mlotrok.
lêksa: kn. 10.000; kc. laksa.
lêksana: kw. kc. laksana.
lêksara: êngg. kn. aksara.
lêlah: I ut. [x]-an kn. 1 alon sarta mêmbat tmr. swara; 2 ora sigrak tmr. tandang-tanduk; 3 rindhik, rêmbên tmr. mlaku, tumandang lsp. II [x]-an pc. lalahan.
lêlana: kw. lêlungan, midêr-midêr.
lêlara: n. sêsakit k: kang njalari lara; kc. lara.
lêlaran: n. sêsakitan (pasakitan) k. wong ukuman; kc. lara.
lêleda: kn. kc. leda.
lêlêd: kn. 1 rindhik nggalur tmr. gunêman; 2 kêsuwèn ênggone pocapan tmr. jêjêran wayang.
lêlêgan: kn. lêgan.
lêlêh: kw. 1 luluh; 2 sêdhih bangêt.
(lêlêp): ng-[x] kn. 1 nyilêm amblês ing banyu; 2 ora mêncungul-mêncungul; di-[x]-ake: diblêsêkake ing banyu; kc. klêlêp, lêlêb.
lêlês: I (ut. [x]-an) kn. carang (kayu) diwangun palangan mrapat kanggo mlintir sêpêt (duk) sing arêp ditampar; ng-[x]: 1 mlintir duk (sêpêt) sarana lêlês; 2 pc: mangan nganti êntèk (ora lèrèn-lèrèn). II ng-[x] kn: tansah ngantuk bae kumudu turu (tmr. wong mêntas duwe anak); kc. lês. III di-[x]-(i) êngg. kn: dilolosi saka sathithik. IV di-[x] êngg. kn. diilês, digilês.
lêlêt: I êngg. kn. lêlêb, rêndhêt. II mubêng [x] kn. mubêng ngganjrêt; nga [x]: [...];[2] di-[x]: diplintir, diubêd-ubêdake, dililit, dilinting; mlêlêt: mulêt ing. III ng-[x] êngg. kn:nyewa raja-kaya dianggo mêgawe; kc. lêt.
lêluhur, lêluwur: kn. sing nurun-nurunake.
lêm: I êngg. panyêluk marang wong tuwa. II wc: alêm; di-[x]: dalêm.

lêma: k. lêmu.
lêmah: n. siti k. bumi, tanah; [x] pinêndhêm pr: andhap asor bangêt; (le)lêmahên kn: wis krasan bangêt marga wis suwe ênggone dêdunung; pa-[x]-an n. pasitèn k: 1 lêmah sing ditanduri; 2 pakarangan; 3 kaananing lêmah.
--- 270 ---
lêmah-têlês ~ lêmpong.
lêmah-têlês: kn. abang sêmu kuning.
lêmak: kw. gajih.
lêmantun: k. lêmari.
lêmar: êngg. kn. pawèwèh marang dhukun awujud gêdhang ayu suruh ayu dianggo sarat nambani; suruh [x]: suruh têmu rose; di-[x]-i: diwènèhi lémar tmr. dhukun.
lêmara: kn. umur-umuraning pari; kc. gumundha lêmara.
lêmari: (Prt) n. lêmantun k: kothakan mawa lawangan sarta rak-rakan dianggo wêwadhah.
lêmbaga: (M) kn. pakulitan.
lêmbah: kn. 1 palêmahan cêndhèk ing sauruting kali ut. ing antaraning pagunungan; 2 êngg. peranganing garu sing ditunggangi.
lêmbah-manah: kn. sabar sarèh bêbudène.
lêmbayung: kn. godhong kacang lanjaran.
lêmbak: êngg. pc: lêbak.
(lêmbana): di-[x] kw. dialêm; kc. alêmbana.
lêmbau: (C) kn. lilin abang dianggo sajèn (bangsa Cina).
lêmbar: kn. 1 kêbèt tmr. dluwang, ijèn tmr. jarit, lurik lsp; [x]-an: 1 kêbètan, salamba tmr. godhong; 2 êngg. jarit; 3 êngg. ar. jangan sing diolah iwak pitik disantêni.
(lêmbara): ng-[x] kn. ngambara, lunga saparan-paran.
lêmbat: k. lêmbut.
lêmbèk: êngg. kn. kêndho, ora mêmpêng.
(lêmbèrèh): ng-[x] kn. katon gêdhe ngêndhayur tmr. susu ut. wêtêng.
lêmbêk: kw. ak. lembak, ombak.
(lêmbêrêk): ng-[x] pc. ngêndhuruk.
lêmbing: I kn. bngs. tumbak cêndhak. II kn: ar. kewan bngs. ampal cilik dadi amaning pari.
lêmbu: k. sapi.
lêmbur: I êngg. kn. dhukuh, desa. II ng-[x] kn: 1 nyambut-gawe ing wayah bêngi (sing lumrah tmr. mbathik); 2 pc. nggunêm, nyatur.
(lêmbarah): ng-[x] êngg. pc. nggloso, ngêndhuruk.
lêmbut: n. lêmbat k. 1 ora agal; 2 cilik tmr. bolah lsp; 3 alus, ora kasat mata, ora kêna digêgampang; 4 êngg. pc. ênom (cilik) bangêt; 5 krenah sing alus bangêt; lêlêmbut: 1 samubarang sing lêmbut; 2 dhêmit (jim, pêri lsp); di-[x]: dipaeka kalawan krenah sing alus; di-[x]-ake: digawe supaya lêmbut.,
lêmbora: kw. ar. iwak gêdhe ing sêgara.
lêmbwara: kw. lêmbora.

lêmèn: kn. 1 rabuk; 2 bosokan gêgodhongan lsp. sing prasasat rabuk; kc. lêmi.
lêmèr: kn. jêmèk, ngêmu banyu.
lêmèt: kn. lèmèt; 2 êngg. kn. ar. panganan sing digawe tela.
lêmêh: kw. lumuh.
(lêmêk): ng-[x] kn. ora kaku kumrisik tmr. jarit lsp.
lêmêng: kn. bumbung sing dianggo ngrêratêngi panganan lsp; ng-[x]: ngratêngi panganan ut. sêga ing lêmêng kagodhog; 2 ngimbu têmbako ing bumbungan; 3 panas sing ajêg (ora mêndha-mêndha); [x]-an êngg: dandang.
lêmês: kn. 1 ora kaku; 2 tanpa daya, angluh; 3 ora akas, rada jêmèk; 4 alus, luwês; 5 (ut. [x]-an) prigêl, bisa nyambut gawe warna-warna.
lêmi: kn. rabuk sing asal saka bosokaning têtuwuhan lsp; dilêmèni: dirabuki; kc. lêmèn.
lêmir: kn. tipis tmr. tênunan lsp; kc. klêmir.
lêmu: n.lêma k. 1 gêdhe sarta nggajih tmr. badan; 2 pc. nggajih tmr. daging; 3 subur tmr. têtanduran; 4 êngg. loh tmr. palêmahan; 5 pc. akèh rêjêkine, kêcukupan sandhang pangane; nglêlêmu satru pr: mbêciki wong sing nêdya mialani; nglêmoni: nêdhêng-nêdhênge lêmu tmr. bayi (umur 6 sasi).
lêmud: kn. jingklong; njaringi [x] pr: sugih wêweka; cablèk-cablèk [x] pr: nindakake pagawean sing ènthèng bangêt.
lêmungsir: kn. iwak daging ing gêgêr.
lêmon: kn. rabuk tlethong.
lêmorog: êngg. (lumorog) nayogyani bangêt; kc. lorog.
lêmpag: êngg. kn. bngs. klênyêm (suwan gêdhe).
lêmpang: kn. ar. gêndhing.
lêmpaung: kn. ar. têtuwuhan.
lêmpar: kn. 1 jêmbar sarta wrata tmr. palêmahan; 2 sarèh, ora cugêtan atèn.
(lêmpara): ng-[x] kn. 1 lunga saparan-paran dening ora kopèn; 2 pating bêsasik marga ora kopèn tmr. têtanduran; 3 ngayawara, nglêngkara tmr. têtêmbungan; dilêmparakake: 1 dijênggarake; 2 ditogake bae, ora diopèni.
lêmpe: kn. ar. ula mandi; sayah bangêt nganti mêgap-mêgap (marga mêntas mlayu lsp).
lêmpèng: I kn. bangkèkan kêpering buri. II êngg. kn: bngs. bèsèk dawa.
(lêmpèt): ng-[x] kn. ora mbêdhudhug tmr. wêtêng.
lêmpêng: kn. 1 lêncêng (ora ana pêndhukule) tmr. landheyan lsp; 2 êngg. pc. pênêr, lêncêng ngênêr ing.
lêmpêr: I kn. 1 ar. panganan sing digawe kêtan digiligi sarta dibuntêl ing godhong ing jêro ana isine iwak; 2 êngg. pc. slèndêr (dianggo nggiling dalan). II kn. ak: sarèh, suda kamêmpêngane; kc. klêmpêr.
lêmpir: êngg. kn. 1 klaras, kêbetan dluwang, lêmbaran; 2 bantal; [x]-an: lêmbaran .

lêmpit: éngg. kn. têkukan rangkêp tmr. barang lêlêmbaran; di-[x]: 1 ditêkuk banjur dirangkêp-rangkêp, up. jarit di-[x]; 2 nyilibake, nylingkuhake; [x]-an: 1 wis dilêmpit; 2 apa-apa sing dilêmpit.
lêmpuyang: kn. ar. têtuwuhan sing êmpune dianggo jamu; durung ilang pupuk [x]-e: isih bocah bangêt.
lêmpuk: kn. ar. iwak kali.
lêmpung: kn. 1 lêmah abang (irêng) sing kêlèt; 2 (ut. [x]-ên) lara rêkasa bangêt ênggone bêbanyu (kêdhêdhêlên).
lêmpog: pc. lêmu cêndhèk.
lêmpong: I kn. lêbak, jurangan; [x]-an: tikunganing sêgara kang mênjêro, têluk. II êngg. kn: kasur; kc. lempong.
--- 271 ---
lênjang ~ lêngis.
lênjang: kn. lêncir ndrêgang tmr. pawakaning wong wadon.
lênjêr: kn. saèm. lonjor (tmr. pênjalin, wit jagung lsp).
lênjing: kn. alu cêndhak.
lêndhah: kn. 1 dumunung ing palêmahan sing cêndhèk tmr. sawah; 2 andhap-asor; ng-[x]-i: gêlêm nylondhoh, ngasori.
lêndhèh-lêndhèh: pc. rêmbên, rêndhêt.
lêndhi: kn. ar. iwak loh.
lêndhi-sari: kn. ar. gêndhing.
lêndhut: êngg. kn. walêd, lêmpung kang katut ilining banyu.
lêndhong: kn. ar. iwak loh.
(lêntang): lumêntang kw. mlumah.
lêntera: kn. kc. lantera.
(lêntere): ng-[x] kn. aras-arasên marga kêlangip.
(lêntuk): [x]-[x] kn. katon ngantuk bangêt sarta tansah dhêklak-dhêkluk; ng-[x]: ora sigrak marga ngantuk bangêt.
lêntrak-lêntruk: kn. wanguning patrap solah-bawa lêlewa.
(lêntrèh, lêntrih): [x]-[x] kn. mlaku alon bangêt (marga ngêlih ut. nandhang lara); ng-[x]: tanpa daya marga ngêlih bangêt.
lêntrêng-lêntrêng: kn. mlaku alon sêmu ana sing diangên-angên.
lêntring: kn. 1 bngs. patrêm; 2 ar. iwak bngs. sili.
lêncèg: kn. bngs. klênyêm (piranti têtanèn).
lêncêng: kn. ora bengkong, lêmpêng.
lêncêr: I êngg. kn. lêncêng. II êngg. kn: lênjêr.
lêncir: kn. dhuwur tmr. pawakan (dêdêg-piadêg); [x] kuning: pawakane lêncir lan pakulitane kuning.
(lêncar): ng-[x] kn. ora nêtêpi kawajiban, ora nggarap pagaweane; ng-[x]-ake: nglêmparakake, ora gêlêm ngopèni, ora gêlêm nggarap pagaweane.
(lênthe): [x]-[x] kn. mlaku sêmu sayah bangêt sarta lêgèh bae; ng-[x]: mlaku ijèn tansah ngèri.
lênthu, lênthuk: êngg. kn. gêmbêl; di-[x]: 1 digêmbêl; 2 diblithuk, diapusi.
(lênthuk): [x]-[x] kn. lêntuk-lêntuk, manggut-manggut (kaya wong tuwa pikun); ng-[x]: nglêntuk, nglêntruk.

(lênthung): [x]-[x] pc: mulih ora nggêgawa (olèh-olèhan) apa-apa; ng-[x]: bali (mulih) tanpa nggêgawa apa-apa (ora olèh-olèhan).
lênyap: kw. ilang, musna; kc. lênyap.
lênyap, lênyêp: kw. lunga, ilang, musna.
lênyêd: êngg. pc. lènjèh, slèdèr.
lêng: I kw. aluwung; kc. lêhêng. II mak-[x] pc: lunga sanalika (enggal-enggalan). III kn: kang dipêlêng, tujuaning ati, up. [x] ing sêdya (cipta): di-[x]-ake: dipêlêng, dituju; kc. lênglêng, pêlêng.
lênga: n. lisah k. barang cuwèr sing asal saka pahataning têtuwuhan ut. gajihing kewan; up. [x] babi, [x] kacang, [x] jarak lsp; adol [x] kari busike pr: ngêdum apa-apa awake dhewe ora komanan; kaya banyu karo [x] pr: sêduluran sing kalis bae; ng-[x]: 1 katon kilêng-kilêng kaya ana lêngane; 2 mêtu lêngane; dilêngani: diusari (diêcuri, dirêsiki lsp) nganggo lênga; (le)lêngan: nglêngani rambut.
lênga bacin: n. lisah bacin k. lênga klêntik sing wis pindhon.
lênga patra: n. lisah patra k: lênga petroli.
lênga cèlèng: n. lisah cèlèng k. lênga turahan ing jlupak.
lênga wangi: n. lisah wangi k: lênga pahataning kêmbang wangi.
(lêngak): ng-[x] pc. nglangak, ndangak.
lêngang-lêngong: pc. plonga-plongo dening gumun.
lêngar: kn. jêmbar tmr. bathuk.
lênge-lenge: kn. lenge-lenge.
lêngêd: ut. [x]-an kn. ar. lêlara wêtêng tmr. bocah cilik.
(lêngêg): ng-[x] pc. mênêng bae marga wis olêh-olêhan (nyênyilih apa-apa banjur diêpèk).
lêngên: kn. bau, tangan sing perangan dhuwur saka sikut têkan pundhaK; gêdhe [x]-e: kuwasa, kuwat; mêrang [x] pr: ngungasake kadigdayane; lêlêngên: wong sing pinracaya; [x]-an: 1 peranganing klambi sing kêpênêr ing lêngên; 2 tangananing obengan lsp.
lêngêng: kw. 1 endah, nêngsêmake; 2 njêngêr dening kêpranan atine.
(lêngêr): [x]-[x] kn. linggih dhêlêg-dhêlêg dening kagèt ut. gumun; kc. klêngêr.
lênggah: k. linggih.
(lênggak): [x]-[x], [x]-lêngguk kn. tansah tumungkul ut. nolah-nolèh; ng-[x]: ndangak sarta nolèh; ke-[x]: gulune lara marga nglênggak.
lênggana: kw. 1 êmoh, suthik; kc. langgana.
lêngganan: kn. 1 wong sing ajêg tuku ing sawijining bakul; 2 wong sing ajêg lêlawanan dêdagangan; 3 pamacane ut. dhuwit pambayare layang kabar; 4 têtuku (maca layang kabar) sing patuh; kc. langganan.
lênggang: I kn. dawa sarta cilik, lêncir. II êngg. pc: rênggang, bênggang. III kw. ak: ucul, wudhar.
(lênggarak): ng-[x] êngg. ks. mangan.
(lênggarang): ng-[x] kn. katon njênggarang, katon gêdhe mêpêti (malang). ng-[x]-ake: ngalangake barang-barang sing gêdhe.
lênggèk-lênggèk: kn. 1 lênthuk-lênthuk sarta mêgap-mêgap (kaya patrape wong arêp mati); 2 pc. nandhang sangsara (rêkasa) bangêt.

(lênggêr): ng-[x] kn. ora obah sarta mênêng bae marga lara bangêt (ngarêpake mati).
(lênggêrêk): ng-[x] pc. katon gêdhe ngêndhuruk.
(lênggirik): ng-[x] kn. katon brênjul ut. nggalêr nggêgilani, up. ulêre ng-[x].
lêngguk: I kn. gumêdhe, II [x]-[x] kn: lênggut-lênggut.
lênggurungan: êngg. kn. gurung.
(lênggut): [x]-[x] kn. manthuk-manthuk sêmu lêlewa, lênthuk-lênthuk.
lênggoko: kn. woh rêmbulung.
(lênggotro): ng-[x] kn. suntrut, njêkutrut.
lênging: a-[x] kw. ak. macak, dandan.
lêngis: I kw. 1 alus, lunyu; 2 rênggang, bênggang, rêngka; lambung [x] kn: lambung sangisoring iga wêkasan.
--- 272 ---
II kn: (waru [x]) bngs. wit waru.
lêngit ~ lêstrung.
lêngit: kw. ak. 1 alus, lêmbut, samar; 2 ilang, musna.
lêngka: (S) kw. pait; cs. 6; kc. kalêngka.
lêngkad-lêngkèd: kn. mlaku alon sêmu mêndat-mêndat; kc. lêngkèd.
lêngkang: êngg. kn. 1 bênggang bangêt; kc. klêngkang, plêngkang; 2 ar. jamuning wong wadon.
lêngkara: ut. ng-[x] kn. mokal.
(lêngkèd): [x]-[x] kn. mlaku alon gêgêre sêmu mêndat-mêndat; ng-[x]: gêgêre mêndhêlong wêtênge ramping.
lêngkèh: kn. 1 mangun lêgokan ut. pojok lancip; 2 ([x] ing gunung) lowahaning gunung; [x]-[x]: mlaku gêgêre sêmu mêndhêlong (marga ringkih ut. sayah bangêt); ng-[x]: ngêndhêlong tmr. gêgêring kewan.
lêngkêp: êngg. kn. gênêp, ganêp.
lêngkêr: êngg. kn. lêkêr.
lêngkung-lêngkung: kn. lêncir sarta badane rada kuru.
(lêngkur): ng-[x] êngg. kn. 1 nalèni nggubêd; 2 turu njingkrung.
lêngkong: êngg. kn. lengkong.
lênglêng: I ut. [x]-an kw. kêsêngsêm, kedanan rada gêndhêng; kc. lêng, ngênglêng. II [x]-an pc: tansah lunga; kc. lêng.
lênglêngan: kn. ar. têtuwuhan.
lênguk-lênguk: kn. linggih ijèn sêmu ora ana sing ginagas.
lêngur-lêngur: pc. 1 lênguk-lênguk; 2 (dhuwur [x]) dêdêge dhuwur tmr. bocah.
lêngus: kn. nyênyêngit, ora sumanak.
lêngut-lêngut: kn. pêtêng ulate (marga ewa, ora sênêng lsp).
lêp: mak [x] kn. katêranganing ngêmplok (mingslêp) dadakan.
lêpar: tan [x] kw. ora kêndhat, tansah.
lêpas: I kn. 1 bablas, têkan ing papan sing adoh; 2 bisa nggayuh sing luhur-luhur tmr. pikiran (pambudi, gagasan); ng-[x]-i, ng-[x]-ake kw: nguculake panah lsp. II (M) kn: 1 pc. luwar, ucul, mrucut; 2 êngg. pocot, dilèrèni; 3 êngg. dipêgat; 4 êngg. dimardikakake saka kawajiban; 5 êngg. rampung tmr. prakara; 6 êngg. bebas, mung mligi

olèh bayar dhuwit tanpa sandhang pangan; ng-[x]-i: 1 ngluwari; 2 nguculi; 3 nglèrèhi; [x]-an: tilasan, pocotan, up.[x]-an saradhadhu.
lêpas sêtang: pc. nunggang pit tanpa gocèkan sêtang.
lêpas tangan: kn. 1 pc. tanpa gocèkan tmr. nunggang pit lsp; 2 ora mèlu cawe-cawe tmr. prakara; 3 êngg. wis diêdol têmênan.
lêpat: k. luput.
(lèpèh): ng-[x] kn. 1 ngêtokake apa-apa sing wis dipangan (dimamah); 2 nampik nyelaki apa-apa sing maune disanggêmi; [x]-an: 1 apa-apa sing wis dilêpèh; 2 katêmahan (kawusananing) kalakuan; pc. apa-apa sing wis diênggo ut. wis ditampik; 4 rengrengan tuladhaning tulisan; kc. lêpiyan; mamah [x]-an pr: nampani apa-apa sing wis ditampik ing liyan.
lêpêt: kn. ar. panganan sing digawe kêtan dibuntêl ing janur; ng-[x]: 1 olah lêpêt; 2 lêmu lan singsêt tmr. jaran; [x]-an: ar. dolanan (bocah padha jèjèr gêgandhèngan tumuli mbrobos muntir.
lêpiyan: kn. 1 pc: lêpehan (sing wis ditampik ut. sing wis kanggo); 2 layang rengrengan sing digawe conto yèn arêp gawe manèh; 3 br. kalakuan sing minangka tuladha; kc. lêpèh.
lêr: I mak [x] pc. katêranganing turu (nênunggang) kang kêpenak; turu sa-[x]-an: turu salêsan; kc. anglêr. II kn: 1 wilanganing barang sing lêmbut dawa (bolah, rambut, lawe lsp); 2 galêr corèk ing tênunan; olèh [x]-e: olèh lacak (ing nalikane nglari); kc. êlêr, lêrlêran.
lêrah: I êngg. k. luru. II kw: wrata, gêlar; ang-[x]: nggêlar mratakake.
lêrak: I kn. ar. têtuwuhan wohe bundêr-bundêr kêna dianggo ngrêsiki apa-apa (kaya sabun). II êngg. kn: rak, planggrangan piring lsp, lêrêb 1 êngg. k. lèrèn; 2 ki. nginêp; 3 lêrêm, sirêp, mêndha; di-[x]-ake; dilèrènake, diasokake; 2 dilêrêmake, disirêp.
lêrêk: kn. lêrak.
lêrêm: kn. mêndha, sarèh, lilih; di-[x]-ake: disarèhake, dilêrêbake, dililihake.
lêrês: k. 1 pênêr; 2 bênêr.
lêri: kn. banyu pususan bêras; [x] bungkak: lêri kang sapisanan (sok dianggo sarat têtamba); bêning [x]: buthêk bangêt (mrêngut tmr. polatan).
lêrlêran: pc. kumudu-kudu turu; kc. lêr, anglêr.
lês: mak [x] kn. katêranganing wiwit turu, mati lsp; kc. anglês, lêslês.
lêsah: kn. 1 lêsu sarta sayah bangêt (mêntas lara bangêt); 2 êngg. sayah, kêsêl; 3 alum; kc. lêsêh.
lêsana: kw. kc. laksana, lêksana.
lêsêh: êngg. kn. lêsah.
lêsêr: êngg. k. bênêr; kc. lêrês.
lêslês: [x]-an kn. kumudu arêp turu; kc. lês, anglês.
lêsmi: kw. kaendahan, endah; kc. laksmi.
lêsning: kn. 1 tanpa wuwuhan apa-apa; 2 tanpa olèh bathi; 3 pc. mulus, rêsik tanpa pikiran liya-liyane.

lêsu: kn. 1 lungkrah, cape; 2 isih aras-arasên (bakda turu); 3 êngg. ngêlih; nglêsoni: isih tansah aras-arasên bae (marga mêntas lara bangêt); kc. lêson.
lêsung: kn. piranti dianggo nutu pari awujud kayu dikrowoki.
lêson: kn. sarean ki. têturon ngasokake badan.
lêspangan: êngg. kn. ar. lêlara ing wêtêng.
lêstantun: k. lêstari.
lêstari: n. lêstantun k: 1 ajêg ora owah, isih kaya mau-maune; 2 panggêng, têrus bae; dilêstarèkake: 1 ditêtêpake ajêg kaya mau-maune; 2 dilanggêngake, ditêrusake, up. dilêstarèkake ênggone padha mêmitran.
lêstrèn: êngg. kn. sawah ing pinggir kali.
lêstrung: kn. bngs. lêlara pilêg sing mbêbayani.
--- 273 ---
lêt ~ (likung).
lêt: kn. 1 antara, mawa antara, papan ing sasêla-sêlaning barang loro; 2 antaraning waktu, up. [x] rong sasi: di-[x]: disewa prêlu dimêgawèkake ut. dianggo ngupaboga; di-[x]-ake: disewakake tmr. rajakaya lsp; ke-[x]-an: mawa antara (lêt); kc. lêt-lêt.
lêta, lêtak: êngg. kn. tanah lêdhok.
lêtèh: êngg. pc. lêtih.
lêtêng: kn. ambu kaya dene ambuning lênga wayu lsp.
lêtih: kn. apa-apa sing dianggo nyinggêt (ngantarani); di-[x]-i: diantarani, didokoki lêt-lêt.
lêtuh: 1 êngg. kn. rêgêd, buthêk; 2 br. lêlêthêk (wong sing ala); kc. kêtlêtuh.
lêcêng: êngg. kn. rikat, lêncêng.
lêcêt: êngg. kn. 1 giras, kêsit; 2 julig, wong ala. lêcit: êngg. kn. mambu bacin ut. bangêt.
lêthêk: kn. 1 rêgêd bangêt; 2 (ut. lêlêthêk) wong sing ala bangêt; kc. lathêk.
lêthus: êngg. pc. kc. klêthus.
lêwah, lwah: kw. kali.
lêwar: êngg. kn. luwar, lêbar.
lêwêng: êngg. kn. luwêng, anglo.
lêwih: êngg. luwih.
li: êngg. pc. lah mangka.
lih: kn. kc. lèb.
libar: êngg. kn. ndhadhari.
libur: kn. ngaso ut. lowong ora mlêbu nyambut-gawe (sêkolah lsp); [x]-an: mangsa libur.
lid: I kn. katêrangan karêping piwulang ing crita (dongèng); di-[x]-ake: ditêrangake surasane tmr. dongèng. II (W) kn. warga.
lidok: kn. goroh, ora nyata; ora [x]: têmênan. nyata têmênan.
lijig: kn. lèjèg.
lijok: êngg. kn. lidok.

lidhah: 1 ki. ilat; 2 kn. iwak ilat (sapi, kêbo lsp); 3 ut. [x]-[x]) kilat, thathit: [x] sinambung pr: timbal-tumimbal tmr. gunêm, kabar lsp.
lidhas: kn. babak ut. tatu tmr. lambe, ilat, cangkêm (marga ngêmut apa-apa sing kasab).
lidhi: kw. sada.
lidhig: êngg. kn. lijig, lèjèg.
lidhis: êngg. kn. êntèk babar pisan.
(liga): ng-[x] kn. 1 ora klambèn, ora tinutupan; 2 tanpa wrangka tmr. kêris, pêdhang lsp; ligan: ora diwrangkani tmr. kêris, pêdhang lsp.
ligar: kw. gogrog, rontog; tanpa [x]-an: tanpa wilangan (akèh bangêt).
ligasan: êngg. kn. lagaran (nunggang jaran tanpa lapak).
ligêng: ut. [x]-an êngg. kn. ulêkan, kêdhung.
(ligêr): di-[x] kn. diliyêr, digêntèni tmr. kang pancèn dudu bubuhane; di-[x]-ake: diliyêrake tmr. utang marang liyan; [x]-an: 1 liyêran, gêntenan; 2 ijol-ijolan.
ligung: êngg. kn. tikung, lengkong.
(ligur): ng-[x] êngg. kn. turu nggloso.
(lih): I di-[x] n. dipunpindhah k. 1 diganti panggonane; 2 digawa (dikumandhahake) mênyang liya panggonan; 3 diganti jênênge (pagaweane); 4 diganti wêktune (mangsane); kc. alih, êlih.
(lihat, liyat): lumihat, lumiyat kw. ndêlêng.
liya: n. sanès k. seje, ora kagolong marang; 2 (wong [x] ut. liyan-kêbrayan), dudu sanak dudu kadang; 3 (ut. liyan) saka golongan (tanah, bangsa lsp) seje; (a)-[x] saka iku: kêjaba iku: ng-[x]: mênyang ing panggonan liya; diliyakake: diwènèhake marang liyan; ke-[x]: tumiba ing liyan; kc. kumliya.
liyak: êngg. kn. kêna ing sawat lsp; kc. liyan.
liyan: I kc. liya. II êngg. pc. ganti papan, alihan ênggon. III kn: 1 kêna ing barang (sawat); 2 kêtaman apa-apa sing ora disêngaja.
liyan-drayan: êngg. pc. liyan kêbrayan; kc. liya.
(liyang): di-[x]-i kn. dilèndhèhi, disèndhèhi (lmr. tangane kapadalake); [x]-an 1 sendhehan, lendhehan; 2 sêngadi (pawadan) jênênging liyan, nganggo kudhung jênênging liyan.
liyar: êngg. kn. njênggar; di-[x] êngg: dijênggarake (diêlih) tmr. têtanduran.
liyat: kc. lihat; [x] mukak pc. mandêng rai.
liyêp: kn. ciyut rada mêrêm tmr. mata (nanging katon manis); [x]-[x] mêrêm-mêrêm; ng-[x]: ngêrêmake mata; [x]-an: mawa mata sing liyêp; sa-[x]-an: turu salêsan.
liyêr: I kn. rasa kaya rasane wong ngantuk, rasa kêpenak; [x]-[x]: mêrêm-mêrêm dening krasa ngantuk (kêpenak bangêt); kc. gliyêr. II di-[x] kn. 1 gênti digadhe (dicêkêl), diligêr; 2 diingsêr, diêlih pangkate (pagaweane); [x]-an: 1 ijolan (ingêr-ingêran) pangkat, pagawean lsp; 2 barang sing diliyêr.
liyu: kn. sayah bangêt.
liyun: êngg. kn. lênga patra (petroli).

(liyur): I [x]-[x] êngg. pc. miyut-miyut. II [x]-an êngg. kn. tulung-tinulung ing panggawean.
liyut-liyut: kn. obah mêndal-mêndal tmr. wit-witan sing katiyup ing angin.
liyong: (C) kn. bngs. naga gêdhe.
lik: I êngg. pc. êndang, enggal! kc. lèk. II êngg. pc: bok cilik, pak cilik.
lika: (S) kw. tulis; linika: tinulis.
likak-likuk: kn. têtêkukan muntir, untir-untir.
(likas): di-[x]-i kn. diikal tmr. lawe antih-antihan; [x]-an: piranti kanggo ngikal lawe.
likat: I kn. wlikat. II [x]-an kn. otot-ototan ing sikil krasa kêncêng lara.
likêt: kw. plikêt, kêlèt, lêkêt.
likir: (W) kn. ar. inuman kêras.
likita: (S) kw. tulis, tinulis.
(liku): ang-[x] kw. ngapusi, nasarake.
likuk: kn. tikung, têkuk; kc. likak-likuk.
(likung): [x]-an kn. tikungan, lèngkongan.
--- 274 ---
likur ~ lindri.
likur: kn. kanggo katêranganing wilangan antarane 20-30 (kêjaba 25), up. salikur (21).Rolikur (22); sa-[x]-an: 1 slamêtan mbênêri tanggal 21 sasi Pasa; 2 ar. mainan nganggo kêrtu gêdhe.
likrik: êngg. pc. kikrik.
lila: I ut. rila (A) kn. 1 idin, palilah; 2 (ut. suka [x]) wis nrima sarta lêga têrusing ati; 3 wis ora duwe kamelikan babar pisan, up. [x] ing donya; dililani: diidini, disayogyani; dililakake: diwènèhake (ditegakakake) kalawan lila; kalilan ki: olèh, kêna, diidini; kc. lilah. II kn. ak: bngs. mriyêm. III (S) kw: 1 endah, asri; 2 sênêng, nêngsêmake.
(lilab): dudu [x]-ane pc. ora ana sambungane, dudu gathukane (seje bab); [x]-[x]-an: ilab-ilaban, lêlapisan; kc. ilab.
lilah: ut. palilah kn. idin; di-[x]-i: dililani, diidini; pa-[x]-an: kasukan main nganggo olèh palilahing pulisi.
lilang: ut. a-[x] kw. 1 rêsik, bêning, endah; 2 ilang.
lilèh: êngg. pc. lilih.
lilih: kn. mari nêpsu, mari susah; [x]-an (atèn): gampang lilihe.
lilin: 1 k. malam; 2 kn. jêndhêlaning kêndhal lsp. diwangun lantakan sarta didokoki sumbu kanggo dêdiyan; di-[x]: diusari lsp. ing lilin; [x] pèt: lilin putih sing digawe êndhêg-êndhêging lênga patra.
liling: di-[x] kn. 1 disawang kalawan satiti sarta sêmu dhêmên; 2 disawang raine karo diajak gêguyon supaya sênêng ut. mèlu ngguyu; ka-[x] sajroning ati br: tansah katon ana ing ati.
(lilir): I ng-[x] kn. 1 mêlèk saka ênggone turu, eling saka sumaput; 2 wiwit thukul tmr. uritan pari; 3 wiwit mangêrti sarta banjur gêlêm tumandang; [x]-an: kêrêp nglilir. II ng-[x]-i kw: nggêntèni, gumanti jumênêng ratu, marisi.
lilis: êngg. pc: alus bangêt tmr. jungkatan lsp.
(lilit): ng-[x] êngg. kn. mulêt, muntir, nglinting; kc. plilit.

lilit uwi: kn. tali iratan pring lsp. sing diuntir kaya dene wanguning wit uwi.
lilung: kw. kêsêngsêm, kedanan; kc. linglung.
lim: (W) kn. ancur, bngs. kanji dianggo ngraketake; di-[x]: dirakêtake sarana lim.
lima: n. gangsal k. wilangan (5); ng-[x]: sapanthane (siji-sijine) ana lima; dilimani: 1` diganêpi dadi lima; 2 dislamêti tmr. wong mêtêng limang sasi; pang-[x] kw: senapati.
lima-las: n. gangsal-wêlas k. 15; limalasan: sêpuluh ditandhingi lima-las tmr. totohan lsp.
liman: k. gajah.
limang atus: (ewu lsp) n. gangsal atus (èwu lsp) k. 500 (5000 lsp).
limar: kn. ar. tênunan bngs. cindhe sutra; cikal atapas [x] pr: kabêgjan sing mokal; [x]-an: 1 coraking bathikan mèmpêr coraking limar; 2 (godhong [x]-an) godhong kelor yèn arêp digawe tamba.
limas: kn. daging kêbo ing sampil.
limasan: kn. wanguning (payon) omah êmpyak 4 (2 êmpyak gêdhe serongan, 2 êmpyak wangun kêjèn maju têlu).
limbak-limbak: kn. lembak-lembak.
(limbang): ng-[x] kn. 1 ngliling banyu lsp. sing mawa campuran murih campurane mau kari ut. pilah; 2 (ng-[x] mata) ngrambang mata ing banyu lsp. supaya rêsik ut. ilang klilipe; 3 nandhing milih, nênimbang arêp nyumurupi ala bêcike.
limbuk: pc. pawakan lêmu awagu.
(limbung): (le) [x]-an kn. ulêng, têmpuk pêrang.
limbrah: êngg. pc. k. lumrah; kc. limrah.
(limêng): (a-) [x]-an. (le-)[x]-an kn. pêtêng bangêt; ka-[x]-an: kalimputing pêpêtêng; pang-[x]-an br: papan sing pêtêng bangêt.
limêr: kw. nglayang, ngliwêr; lêlimêran: lêliwêran.
limit: kn. wrata sarta alus tmr. dalan (marga kêrêp diambah).
limun: I (W) kn. ar. ombèn-ombèn. II kn. pêdhut; (a-) [x]-an, (le-)[x]-an: pêtêng lêlimêngan; aji [x]-an (pang-[x]-an): aji sing marakake bisa ngilang.
limungsungan: kw. dilipur, diarih-arih.
limus: kw. pakèl.
limut: I kw. 1 pêdhut; 2 limput (tutup); di-[x]-i: dilimputi, ditutupi. II kw: lali (marga kalimput ing nêpsu ut. sêngsêm).
limo: kw. jêruk.
limpa: kn. ar. peranganing jêroan sing tumèmpèl ing wadhuk.
limpad: kn. putus amumpuni ing (kawruh lsp).
limpah: kw. wutah; ka-[x]-an: kalubèran, olèh ganjaran lsp.
limpang-limpung: kn. ar. panganan (kêtela pêndhêm digorèng).
(limpe): ng-[x] kn. namakake gêgaman (ngantêm, nyolong lsp) ing nalikane wonge sing bakal kataman ora sumurup (lagi lena); nglimpèkake: nindakake apa-apa kanthi ngarah-arah supaya wong liyane aja nganti wêruh.
limpêng: êngg. kn. judhêg.

limpung: I kn. tumbak cêndhak landhêpe loro kiwa têngên. II kn: suthange ing buri wis pruthul tmr. jangkrik lsp. III êngg. kn: pisang gorèng.
(limput): di-[x]-i kn. ditutupi, dikêmuli; ke-[x]: 1 kêtutupan; 2 lali marang apa-apa marga kêtutupan ing kasênêngan lsp.
limrah: êngg. k. lumrah.
limprêk-limprêk: kn. lêmês awake marga mêntas lara .lsp.
limrah: k. lumrah.
lin: I pc. lim. II (W) pc: garis, lakuning sêpur lsp. III (W) pc: pita.
lina: (S) kw. 1 ilang, sirna; 2 mati.
lindi: kn. kc. lindri.
(lindur): ng-[x] kn. gunêman ing nalikane turu.
lindri: kn. ciyut nanging endah nêngsêmake tmr. mata, pamandêng.
--- 275 ---
(linjak) ~ lingsir.
(linjak, linjêk): [x]-[x] pc. lincak-lincak.
linjik: kn. bngs. kimpul.
lindhêk, lindhik: êngg. kn. rindhik.
lindhu: kn. gênjoting bumi (marga dayaning gunung gêni, longsoring lapisan bumi lsp); kêlindhon: 1 kasangsaran dening lindhu, 2 kadunungan cacad (kêrêp tiba) marga nalikane ana ing wêtêngan mbênêri ana lindhu ora diawoni.
lindhuk: kn. 1 papan sing pêtêng (kalingan ayang-ayangan); (pa-) [x] -an: papan sing lindhuk.
lindhung: êngg. kn. wong ngindhung ing padesan; ng-[x] êngg. kn. ngayom marang, ngaub, ngindhung.
linêd: êngg. kn. lêndhut, walêd.
lini: garis [x] (W) kn. katulistiwa (garis kêndhiting jagat).
lining: kn. iris, sigar, up. sêmangka sa-[x]; di-[x]: 1 diiris,(disigar) tmr. jambe, sêmangka lsp; 2 diirat tmr. pring lsp.
linu: kn. krasa lara ing untu ut. balung.
linud: kw. dibarêngi, ditutake, diturut; kc. lud.
linuhung: kw. mulya, luhur; kc. luhung.
linuwih: n. linangkung k. pinunjul ing kawruh; kc. luwih.
linrang: kw. disêbari, diwratani; kc. lrang.
lintah: kn. ar. kewan bngs. pacêt sok napêl lan nyêrot gêtih.
lintah dharat: pc. wong sing nganakake dhuwit kanthi anakan sing akèh bangêt.
lintang: I kn. maujud ing langit ing wayah bêngi katon pating kêrlip; ng-[x]-i: 1 katon gêbyar-gêbyar kaya lintang; 2 wiwit padha awor tmr. jagung; pa-[x]-an: kawruh bab lintang. II 1 êngg. k. liya; 2 êngg. liwat; 3 êngg. luwih; 4 êngg. banjur; ka-[x](-[x]): kaluwih-luwih, bangêt; kc. lumintang.
lintang alih: (alihan) kn. lintang kang cumlorot kaya alihan ênggon.
lintang kêmukus: kn. lintang sing mawa sorot kaya buntut.
linting: ut. [x]-an kn. 1 gulungan dluwang lsp. sing cilik; 2 êngg. rokok; di-[x]: digulung nganti awangun lintingan.

lintir: kn. 1 mili mudhun; 2 nyèlèhake pangkate kapasrahake marang warise (sadurunge mati); lumintir: tansah mili tanpa kêndhat.
lintu: 1 (ut. linton) k. liru (liron); 2 k. ijol; kc. lumintu, klèntu, kêlintu.
lintrik: kn. coraking kêrtu sing mawa bundêran cilik-cilik.
lintring: kn. ar. ali-ali sing mawa mata intên jèntrèk 3 ut.luwih.
lincad: kn. atos sarta plikêt yèn kêpanasan padha nêla tmr. lêmah.
lincak: I kn. ambèn cilik dianggo linggihan. II [x]-[x] (ut. lincêk-lincêk) kn: mêncolot-mêncolot mumbul-mumbul; ng-[x]: 1 mêncolot, mlumpat; 2 alihan ênggon cêdhak-cêdhakan.
lincak gagak: kn. mêncolot cêdhak-cêdhakan jangkahe.
linca-linci: êngg. pc. bola-bali têka (mara).
lincat: kn. cidra, ora nêtêpi; di-[x]-i: dioncati, ora dituhoni.
lincêk: kc. lincak II.
lincing: êngg. kn. lincip.
lincip: kn. lancip.
lincis: kn. bolonganing sindhêtan kala, tali lsp.
lincut: êngg. kn. isin, rikuh.
(linthing): ng-[x] kn. nêkuk sathithik, njêngkêrut.
linyap: kw. ilang, sirna.
linyok: kn. 1 goroh, ora nyata; 2 êngg. pc. lah rak têmênan ta!.
ling: kw. 1 pamikir, pangira; 2 ucap, ujar, clathu; ang-[x]: mojar, clathu; [x]-an: kocapa.
lingak-linguk: kn. nolah-nolèh kiwa têngên; kc. linguk.
lingga: I (S) kw. 1 têtêngêr, rêca; 2 tugu; 3 palanangan; 4 pêpundhèn; 5 blêgêr, awak-awak; (a-)[x] bathara (jawata): wis asalira jawata (dadi dewa); ka-[x]: 1 kapêtha, kawangun; 2 kapundhi-pundhi; 3 kasalira, kalingan; ka-[x] (u)baya pr: prakara sing wis kalingan ing janji; ka-[x] dina (warsa) pr: wis kasèp kêlêtan ing dina (taun); ka-[x] murda: kapundhi, kasuhun-suhun; ka-[x] nata pr: prakara wis kalingan ing panjênênganing nata. II kn: têmbung sing durung owah saka asale (durung diatêr-atêri, dipanambangi ut. disêsêli). III di-[x] kn: ditumpuk tmr. bata rimbagan arêp diobong; linggan: tumpukan bata sing arêp diobong.
linggar: êngg. kn. lunga, lêlungan, oncat; di-[x]-i: dilungani, dioncati.
linggèh: êngg. pc. linggih.
linggêd: êngg. kn. sêpuluh dhompol (wowohan sing diêdol).
linggi: kn. canthiking prau sing awangun nylêkanthuk.
linggih: n. lênggah k. pinarak ki. sumèlèh sing katapakake bokonge; ng-[x]-i: linggih ing; ng-[x]-ake: akon linggih, nyèlèhake linggih; [x]-an: jagongan omong-omongan; pa-[x]-an: papan sing dianggo linggih; kc. lungguh.
linggis: kn. wêsi giligan lancip piranti dhudhuk-dhudhuk lsp.
lingi: kn. wlingi.
lingir: kn. pinggiraning apa-apa sing nggligir alancip; ng-[x]: mawa lingir.
(lingkap): ng-[x] kn. mênga tutupe, mênga kêbiyak; kêlingkab br: kêwiyak wadine.

(lingkis): di-[x] pc. diwingkis (lêngênane).
lingkungan: pc. lèngkongan, tikungan.
(lingling): ng-[x] kn. ngliling; kc. liling.
linglung: kw. bingung atine marga kêsêngsêm lsp.
linguk: kn. isin, mlongo thingak-thinguk; kc. lingak-linguk.
lingsa: kn. êndhog tuma; pada [x]: pada (...);[3] nggolèki [x] sumlêmpit pr: nggolèki kaluputaning wong.
lingsang: kn. ar. kewan cilik.
lingsèn: kn. pawadan, santolan.
lingsêm: êngg. k. isin, wirang.
lingsêng: kn. bngs. lintah cilik.
lingsing: kn. cilik lêncir tmr. pawakan.
lingsir: kn. ngglewang, nisih (ora ana têngah bênêr); [x] kulon: ± jam têlu
--- 276 ---
sore; [x] wêngi: bakda têngah wêngi; [x] wetan: ± jam sanga esuk; wis [x] umure: wis luwih satêngah tuwa (± 40 taun).
lipêt ~ lukha.
lipêt: êngg. kn. têkuk, tikêl; [x] loro: tikêl loro.
lipya, lipca: êngg. k. lali.
lipur: kn. 1 mari sêdhih; 2 lêjar, lêrêm; di-[x]: dirêrapu supaya lipur.
liput: ang-[x] (S) kw. nggêpok, nggrayang.
lipca: êngg. k. lali.
lir: kw. 1 (ut. [x] pendah) pindha, kaya dene; 2 karêp ut. têgêsing têtêmbungan lsp; 3 kaanan kang sajati; [x]-e: 1 têgêse, karêpe; 2 êngg. ing saupama; 3 ([x]-e mêngkono) êngg. mulane, kang iku; di-[x]-ake: dilirwakake, ora diopèni; sa-[x]-e: sakabèhe; kc. lwir.
lira: pc. wlira (kayu sêntèkan ing tênunan).
lira-liru: n. linta-lintu k. tansah ijolan, gonta-ganti: kc. liru.
lirah-lirah: kn. lerah-lerah.
lirang: I kn. peranganing barang sing têtangkêpan, up. gêdhang sa-[x], gula sa-[x]. II pc: wlirang.
lirap-lirap: kn. gêbyar-gêbyar bêning tmr. banyu.
lirèh: êngg. pc. lirih.
lirèn: êngg. pc. lèrèn.
(lirig): di-[x] êngg. kn. digiring mulih (tmr. rajakaya); kc. lumirig.
lirih: I kn. 1 ora sêru tmr. swara; 2 alon lan sarèh tmr. panggrayang; di-[x]-i: dialusi, ora kalawan kasar-kasaran. II kn: pupus lêmpuyang. III di-[x]-(i) êngg: digusah, diubêr tmr. kewan.
lirik: kn. obahing mata mandêng nisih; ng-[x]: mandêng nisih; kc. klirik, plirik.
liring: kw. kêdhèping panyawang sakêplasan; mbalang [x] br: mbalang ulat (ngingêtake, mleroki); di-[x]: diingêtake sakêplasan: kc. lumiring, sliring.
lirip: kn. 1 gripis-gripis tmr. lading lsp. 2 kêndho, suda kakuwatane; 3 (ora [x]) br. ora towong, ora gothang.
liris: kw. grimis.

lirling masinis: (W) pc. calon masinis sêpur.
lirna, lirning: kn. ([x]apa) gênah bangêt yèn.
liru: n. lintu k. 1 (ut. liron n. linton k) gênti, gêgênti; 2 [ut. liron(an) n. linton(an) k] ijol-ijolan, gênti-gêntèn; 3 êngg. seje, liya; di-[x], dilironi: 1 diganti; 2 diijoli; 3 disulihi, digajuli; dilirokake: diijolake; kc. kliru, klèru.
liru-limbang: kn. ijol-ijolan barang (tanpa tombokan).
liron-patra: kw. kirim-kiriman layang.
liron-sari: (sih) br. sacumbana.
liron-watang: (lawung) br. tumbak-tumbakan.
lirwa: kw. sêmbrana, kurang wêweka; dilirwakake kn: ora digatèkake, ora ditêtêpi.
lis: I pc. kêndhali, kêndharat; diêlisi: dikêndhalèni. II (W) kn. 1 plisiran ing kayu ut. tembok sing mbrênjul; 2 cathêtan urut-urutaning jênêng lsp.
lisa: kn. lingsa.
lisah: k. lênga.
lisènsi: (W) kn. layang palilah saka Nêgara.
lisig: êngg. kn. risig.
lisir: êngg. kn. lingsir.
lisya: (S) kw. pawadan, lingsèn.
lisyus: kw. lesus.
lisuh: êngg. kn. lêsu, lêsah, sayah.
lisus: kn. lesus.
listrik: (W) kn. èlèktris.
listya: kw. ayu, endah, bagus.
liswa: kw. lisya (pawadan, lingsèn).
lit: wc. alit (cilik).
litêr: (W) kn. takêran sing gêdhene 1 dm^3.
litnan: (W) kn. ar. pangkat saradhadhu ut. panggêdhening bangsa Cina ut. Arab.
lituhayu: kw. ak. ayu bangêt, bagus bangêt.
licik: kn. jirih, kalahan.
licin: êngg. kn. 1 lunyu; 2 alus, limit.
licit: êngg. pc. alus dening lênga; kc. klicit.
litha-lithi: êngg. pc. bola-bali têka (mlêbu mêtu).
lithêng: êngg. kn. ngêmu warna irêng tmr. warnaning woh-wohan lsp; ithêng.
(lithing): dilêlithing kn. diêlus-êlus, diêmi-êmi (diêla-êla) tmr. bocah cilik.
liwang-liwung: alas gung [x] br. alas gêdhe bangêt.
liwar: kn. 1 nisip, ora bênêr, nggiwar; 2 rada edan; 3 pc. kliru dalane.
liwar-liwêran: kn. lêliwêran, pating sliwêr; kc. liwêr.
liwat: n. langkung k. 1 mlaku (ngambah) ing; 2 (ut. [x]-an) êngg. nuli, banjur; 3 bangêt; 4 (ora[x]) ora luwih mung; di-[x]-i: 1 diambah; 2 dilangkahi; ke-[x]: 1 wis kêbanjur; 2 (ut. ke-[x]-[x]) kêluwih-luwih, bangêt; ke-[x]-an: 1 wis diliwati; 2 kêlangkungan, ora katut.

(liwêr): lêliwêran kn. katon mubêng pating sliwêr.
(liwêt): ng-[x] n. bêthak k. nggodhog bêras ing kêndhil supaya dadi sêga.
liwung: kw. 1 mumbul têrus; 2 ngamuk punggung.
lyab: kw. lèb.
lyan: kw. liya; kc. lèn.
lyang: kw. lèng.
lyar: kw. lèr; ng-[x]: ngêlèr.
lyas: ang-[x] kw. anglès, nglungani.
lyong: (C) kn. liyong.
lu: I wc. têlu. II (C) ks: kowe.
luamah: kn. pêpenginaning ati.
lubar: êngg. kn. lêbar, luwar, rampung.
lubdaka: (S) kw. ak. gêrma.
lubèr: kn. wutah marga wis kêbak mêncêb (kali lsp); di-[x]-ake br: diwratakake, diwènèh-wènèhake.
lukha: (A) kn. (salat [x]) sêmbahyang mana-suka ing wayah esuk (± jam 9).
--- 277 ---
lud ~ lulut.
lud: kw. 1 tansah, pijêr; 2 tut-buri, anut; ng-[x] kw: ngoyak, tut-buri; di-[x] kn: 1 dioyak, diubêr; 2 dijêntol, dikungkung; [x]-[x]-an: main tanpa totohan (sing kalah kudu ngasud).
ludira: kw. gêtih; kc. rudira.
ludrag, ludrêg: I êngg. kn. jêmèk, jêblog. II êngg. kn: 1 badhut; 2 bngs. tlèdhèk.
lujêng: I pc. wlujêng (wluku). II pc. k: wilujêng (slamêt).
luju: kn. piranti kanggo nyithak (mangun) pêndhok.
ludhang: kn. wis rampung-rampungan (tmr. pagawean lsp); di-[x] êngg: diêntas tmr. wuwu lsp.
ludhês: kn. êntèk babar pisan.
ludhuk: kn. drêmba, akèh pamangane.
lugas: kn. 1 barès, tanpa rêrênggan; 2 (ut. [x]-an) nyênyandhang sarwa pasaja tanpa rêrênggan; ng-[x] raga br: ngêsorake badan sarana mênganggo pasaja.
(lugèk): ng-[x] êngg. kn. nyogok êlèng lsp. nganggo têkên lsp. kc. lugêg.
lugu: kn. 1 kaya apa anane (tanpa wuwuhan); 2 êngg. pawitan sing baku; 3 têmên, barès; dilugokake: diajêgake kaya apa anane tanpa wuwuhan lan ora dikurangi.
lugut: kn. saèm. rambut cêndhak-cêndhak padha tumèmplèk ing clumpring pring lsp; ng-[x]: ana lugute; atine ng-[x] pc: panastèn, mèrèn.
luh: I kn. banyu sing mêtu saka ing mata (nalikane nangis). II di-[x]-ake êngg: dirosake, lara ...: kc. angluh.
luhung: kw. 1 luhur, linuwih; 2 luwung, angur.

luhur: I 1 kw. dhuwur; 2 (bangsa [x], para [x]) wong sing isih darahe para ratu sarta gêdhe pangkate; 3 isih darahing ratu; 4 utama tmr. bêbudèn; [x] ngungkuli langit pr: luhur bangêt; nggayuh ing a-[x] pr: njangka prakara sing mokal-mokal; sinêngkakake ing a-[x]: kawisudha, kaunggahake pangkate (pangkat asor dadi luhur); lêluhur: sing nurun-nurunake; di-[x]-i br: diungkuli; di-[x]-ake: diunggulake, dipêpundhi; ka-[x]-an: 1 prakara sing luhur-luhur; 2 kungkulan; ka-[x]-an sabda br: kalah padune; ka-[x]-an dhawuh dalèm ki: bênêr kandhamu. II kn: wayah sêmbahyang awan ± jam i.
luyu: I êngg. pc. tanpa daya, angkuh. II kw: katut, kèli, kanyut; kc. kapiluyu.
luyung: kn. kayune wit arèn sing perangan jaba.
luyup: kn. ngantuk, rasane wong ngantuk; kc. loyop.
luyut: kw. kaanan (rasa) oncating sukma saka ing badan.
luk: di-[x] kn. ditêkuk, dibêngkêlukake.
luka: (salat [x]) kn. kc. lukha.
lukak: I kn. 1 ora kêbak tmr. banyu ing wadhah; 2 êngg. pc. kurang kapintêrane, rada gêndhêng; [x] apapak pr: wong bodho sing kumintêr; kocak iku tandha [x] pr: wong sing kumintêr mratandhani yèn bodho. II êngg. pc. tatu, kêtaton.
lukak-lukik: kn. têtikungan, menggak-menggok.
lukan: kw. bangêt, kêliwat-liwat.
lukar: ki. 1 cucul (ngrucat sandhangan); 2 wuda; 3 udhar (tmr. gêlungan); di-[x]-i ki: diuculi, diwudani.
(lukat): di-[x] êngg. kn. diruwat, dibadharake.
lukat-lukit: kn. ubat-ubêting wadi.
luke: êngg. kn. bngs. enggok-enggokan, tikungan; kc. lukak-lukik.
(lukis): di-[x] kw. 1 digambar, dipêtha; 2 dikarang, dianggit.
lukita: kw. têtêmbungan, karangan, rumpakan; di-[x]: dicandra, dirumpaka, dikarang.
luku: pc. wluku.
lulang: n. cucal k. pc. kuliting kewan; di-[x]-i êngg: dikêlèti.
lulmat: (A) kn. pêpêtêng.
lulu: di-[x] kn. diwènèhi luwih saka sing dijaluk (mratelakake yèn ora lila ut. nêpsu).
lulub: kn. kuliting wit (so, waru lsp) sing disuwiri digawe tampar.
lulud: kw. borèh, lulur; kc. lulut.
luluh: kw. ajèr (jêmèk) marga dipanasi tmr. barang sing atos; 2 ajur, dadi pêpilahan saka rêrangkène tmr. pangan ing wadhuk lsp; 3 ajur banjur campur dadi sawarna; 4 wis manjing dadi sêdulur tmr. mêmitran; 5 wanda loro sing nunggal dadi saswara up. ng + kala = ngala; 6 (ut. [x]-an) êngg. lilihan atèn, sarèh bêbudène; 7 (ut. [x]-an) jladrèn gamping karo wêdhi; di-[x]: 1 dijêmèkake (dijèr) sarana dipanasi; 2 digawe luluhan (jladrèn lêmpung digawe bata lsp); 3 ditutuh; di-[x]-ake: ditètèr tmr. jago adon; ke-[x]: tansah nandhang sangsara. II êngg. kn. luwing.

lulun: di-[x] kw. digulung, diêlun; ka-[x]: 1 katutu, kentir; 2 kalah, kêndhih.
lulur: I kn. bêbakan bêras kacampuran godhong kêmuning lan pandhan wangi dianggo nggosok awak; di-[x]-(i): digosok ing lulur. II kn: iwak daging ing sandhing balung ula-ula.
luluri: kw. lêluhur; kc. luri.
lulus: I êngg. kn. tulus, lêstari; di-[x]-ake: dilêstarèkake. II kn: klêbu ênggone iksamên; (layang) [x]-an 1 layang palilah (bab nyêmbêlèh raja-kaya); 2 layang katêrangan (pas, nêrangake kalakuan lsp).
lulut: kn. 1 trêsna lan asih bangêt marang; 2 laras, salaras tmr. swara, warna lsp; among [x], amor [x], sa-[x] br: sih-sinihan, sacumbana; sêga [x]: sêga dicampuri kêtan karo kunir kanggo slamêtan; kc. klulut.
--- 278 ---
lum ~ lumrah.
lum: kc. alum.
lumadi: n. lumados k. wis kaladèkake; kc. ladi.
lumados: k. 1 lumadi; 2 êngg. lumayan.
lumadya: br. lumadi.
lumajar: êngg. k. lumayu; mlayu.
lumaju: br. têrus maju; kc. laju.
lumah: kn. 1 raèning barang sing kaprênah ing dhuwur; 2 raèn wrata; ma-[x] (mlumah): 1 têturon dhadhane dumunung ing dhuwur; 2 sumèlèh peranganing kang dhuwur dumunung ing dhuwur; kb. mêngkurêb; 3 êngg. olèhe banyu saka ing bêndungan tmr. sawah; di-[x]: disèlèhakle mlumah; ke-[x] (klumah): tiba mlumah.
lumah tangan: kn. ora mèlu cawe-cawe (nguja).
lumayan: êngg. kn. 1 rada bêcik (sêdhêngan); 2 luwung.
lumayu: n. lumajêng k. mlayu; kc. layu.
lumaku: n. lumampah k: mlaku; kc. laksana.
lumancur: kn. wiwit duwe lancur tmr. jago; kc. lancur.
lumangyan: êngg. kn. lumayan.
lumangkung: k. lumuwih k. ambêk luwih, umuk; kc. luwih.
lumarap: kw. nylorot mêdhun; kc. larap.
lumaris: kw. mlaku, lêlungan; kc. laris.
lumawan: br. wani nêmpuh, nglawan; kc. lawan.
(lumba): ng-[x] kn. njola ngadêg dening kagèt; (le)lumban êngg: lêlangèn, dolanan ing banyu.
lumbat: kn. ar. iwak loh.
lumbu: kn. godhong kimpul (talês lsp); enggok-enggok [x] pr: wong sing mung manut ombyaking akèh.
lumbung: kn. 1 omah sing dianggo simpên pari; 2 êngg. srumbungan kadokok ing gandhok lsp. dianggo wadhah pari; usung-ungsung [x] pr: 1 wong alihan barang darbèke kabèh diusungi; 2 rêrukunan sarana urunan sabisa-bisane; (le)[x]-an: 1 pirang-pirang lumbung; 2 mangun bundêr gêgulungan tmr. ombak, lakuning baris lsp.
lumbung-bandhung: kn. lumbung gêdhe.

lumbung-desa: n. [x]-dhusun k: tandhon pari ing padesan sing kautangake marang wong desa dianggo wiji.
lumbrah: êngg. pc. lumrah.
lumèmbak: kn. obah lembak-lembak; kc. lembak.
lumembar, lumembat: kn. mlembar. mlembat; kc. lembar, lembat.
lumèng: kn. jêmèk, lèdèng.
lumenggang: kn. oyag-oyag ing banyu; kc. lenggang.
lumèngkèt: kn. rakêt bangêt, lulut bangêt; kc. lèngkèt.
lumèngsèr: kn. 1 mingsêt maju; 2 bali, mundur; kc. lèngsèr.
lumèr: br. diêlèr; kc. lèr.
lumèrèg, lumèrèng: kn. 1 mingsêr, mundur; 2 dhoyong nisih; kc. lèrèg.
lumêbu: n. lumêbêt k. mlêbu; kc. lêbu.
lumêkas: kn. wiwit tumandang; kc. lêkas.
lumêkêt: kn. rakêt; kc. lêkêt.
lumêng: kw. murub kumutug.
lumêpas: kn. ucul saka; kc. lêpas.
lumêr: kn. lêmbut lan alus.
lumiyat: kw. ndêlêng, nyawang; kc. liyat.
lumintang: 1 êngg. kn. ngalih, alihan; 2 br. kaya lintang; kc. lintang.
lumintir: kn. ngglewang nisih; kc. lingsir.
lumirap: kn. katon lirap-lirap.
lumiring, lumirig: kw. nurut, miturut, tut-buri; kc. lirig.
lumud: kw. anut, tut-buri; kc. lud.
lumuh: kn. 1 sungkan (suthik) tumandang, êmoh miturut; 2 êngg. kêsèd; di-[x]-i: 1 dikalahi tumandang awit lumuh padon; 2 disingkiri tmr. apa-apa sing ora dadi panujuning atine.
lumuntur: kn. mlorod mudhun; [x] ing sih kawêlasan br: rumêntah ing sih kawêlasan; kc. luntur.
lumung: br. mawa lung-lungan manglung; kc. lung.
lumungsur: kn. 1 mlorod, longsor; 2 nyèlèhake pangkate; 3 gumanti (kêprabon lsp); kc. lungsur.
lumur: êngg. kn. gêlas pangombèn.
lumurug: br. nglurug.
lumut: kn. ar. têtuwuhan lêmbut-lêmbut (sok tuwuh ing tembok, lêmah, wit-witan lsp); ng-[x], [x]-an: kêtuwuhan ing lumut.
lumuwih: n. lumangkung k. ambêk luwih, kumintêr; kc. luwih.
lumoh: êngg. pc. lumuh.
lumong: êngg. kn. bosok, wukan tmr. êndhog.
lumpang: kn. 1 kayu (watu) diwangun pêsagi (bundêr) ing têngah dilêgoki kanggo mbêbak lsp; 2 lêgokan ing pucuking lêsung; ng-[x]-i: wiwit padha dhêkok tmr. lara cacar; [x]-ên: nandhang tatu lêgok-lêgok ing cangkêm.
lumpang-kênthèng: kn. lumpang gêdhe sing digawe watu.
lumpat: kn. jangkah mêncolot nglangkahi; ma-[x] (mlumpat): njangkah mêncolot nglangkahi; ng-[x]-i: mlumpat nglangkahi; [x]-an: 1 padha ajar mlumpat; 2 apa-apa sing dianggo ajar mlumpat.

lumpat-kidang: kn. ora urut, blênjat-blênjat (ana sing dilangkahi).
lumping: êngg. kn. wlulang.
lumpuh: kn. apus sikile (ora bisa mlaku), lempoh; [x] ing sastra: ora bisa maca lan nulis; [x] ngidêri jagat pr: njangka prakara sing mokal.
(lumpuk): di-[x]-ake pc. diklumpukake; kc. klumpuk.
lumpur: êngg. kn. walêd, blêthok.
lumprah: êngg. lumrah.
lumra: kw. lumrah, wrata, sumêbar, sumrambah.
lumrah: n. limrah k. 1 sumêbar wrata ingêndi-êndi sumrambah; 2 kaprah, ora nganèh-anèhi; 3 ora cêthil, gêlêm nindakake kabêcikan; di-[x]-ake: 1 diwratakakake ingêndi-êndi; 2 diumumake; 3 dianggêp lumrah; ke-[x]: kaprah; ka-[x]-an: lumrahing akèh, padatan sing lumrah.
--- 279 ---
lumrang ~ (luri).
lumrang: kw. (lumra -ng) sumrambah, mratani; kc. lumra.
lun: I wc. ulun. II [x] ala (awon k): misuwur ala; kc. kêlun.
lunas: I kn. sah, rampung, pundhat; di-[x]-i: 1 diesahi, dirampungi; 2 br. dipatèni, diprajaya. II kn: balok balungan ing dhasaring prau.
(lunjak): [x]-[x] kn. mumbul-mumbul (marga bungah lsp); ng-[x]: 1 mumbul arêp nyengklak; 2 mumbul arêp ngranggèh.
(lunjat): êngg. kc. lunjak.,
lundhu-lundhu: pc. mbocahi, katon bodho.
lunta: kn. mlaku têrus; diluntakake (ut. luntan): ditundhakake, ditimbalake, dilantarake; ke-[x](-[x]): kêbanjur-banjur, kêsasar-sasar nganti adoh, kêtula-tula.
luntak: ki. mutah; di-[x] kn. dituntak, disuntak.
luntas: I kn. bantêr nanging ora mbrêbêgi tmr. swara. II kn: ar. têtuwuhan godhonge kêna dipangan.
luntur: kn. 1 katut ilining banyu, mlorod; 2 mutah (ilang) warnane ing nalikane kêna ing banyu; 3 ([x] sihe) runtuh sihe, mêtu kawêlasane; ng-[x]-i: 1 luntur banjur ngênani; 2 ngilèni, nyêntori ing banyu; ke-[x]-an ing sih: kêtiban sih.
luncat: êngg. pc. lumpat.
luncup: pc. wêwangunan ing pucuk lancip.
lunthung: di-[x] kn. digulung; kc. klunthung.
lunyu: kn. 1 alus bangêt nganti gampang mlèsèdake; 2 pc. mencla-mencle, ora kêna diêndêl.
lung: kn. witing têtuwuhan rumambat sing ênom; ang-[x], ngêlung br: kaya lung.
lunga: n. kesah k. tindak ki. 1 atinggal panggonane, ora ana ing omah; 2 mlaku mênyang ing; nglungani: lunga ngoncati; (le)lungan n. (ke)kesahan k. tindakan ki: 1 mênyang ing; 2 andon laku, pêpara.
lungayan: kw. 1 gulu; 2 tangan, lêngên.
lungge: êngg. kn. lungse, kasèp; lunggèn: 1 êngg. imbuh; 2 luwihan dianggo sêdhiyan samangsa ana kêkurangane; dilunggèni: 1 diwènèhi luwihan dianggo lunggèn; 2 disumênèkake, diwènèhi inah (waktu).

lungguh: n. lênggah k: êngg. linggih; 2 sawah (palêmahan) sing pinaringake nggadhuh marang priyayi (abdi dalêm) pamêtune minangka dadi bayare; 3 pêpangkatan, pangkat; 4 kaanane (gênahe) mungguhing prakara; 5 mapan, wis bêcik tmr. pasang rakiting ukara lsp; ng-[x]-i: 1 lungguh (linggih) ing; 2 nênêpi dhawuh; 3 nindakake apa-apa ngêtrêpi kaya pêpanggiling pangkate; kc. linggih, pilungguh.
lungid: kw. 1 landhêp; 2 muluk kawruhe, mangêrti kang gaib; (lê-)[x]-an: prakara sing ngêmu rasa muluk.
lungka: kn:prongkolan lêmpung lsp; ng-[x]: 1 kaya lungka; 2 atos, wangkod; lungkan: papan sing lêmahe atos pating crowal.
lungkrah: kn. 1 bosok; 2 rasa sayah aras-arasên (marga mêntas lara lsp).
lunglit: wc. balung kulit; kari [x]: kuru bangêt.
lunglungan: I kn. gambar kang minangka rêrênggan. II wc. ulung-ulungan.
lungse: kn. wis kliwat ing mangsa, kasèp.
lungsèn: kn. 1 salêran sing mujur tmr. tênunan; 2 rambut sajimpit kapilah saka sadhuwuring bathuk dianggo canthèlan (têtali)ning gêlungan.
lungsêd: kn. wis kanggo, wis ora anyar tmr. jarit lsp.
lungsi: kn. 1 lusi; 2 pada (...)[4]
lungsungan: pc. wlungsungan.
lungsur: kn. longsor, mlorod; di-[x]: 1 dilorod, diêdhukake pangkate; 2. diêpèk tmr. panganggo lsp. sing wis dianggo ing liyan; di-[x]-i: diwènèhi lungsuran; [x]-an: 1 barang-barang sing wis diênggo; 2 wong sing dilorod pangkate, tilasan.
lup: I (W) kn. wuluh (ing bêdhil). II (W) kn. surya-kantha.
lupa: I êngg. kn. 1 sayah bangêt; 2 gogrog isih ênom tmr. bluluk; kc. marlupa. II êngg. kn. lali.
lupai: (C) kn. bngs. bros.
lupèndêl, lupèndêr: (W) kn. bngs. lênga wangi.
lupèrès, lupiris: (Prt) kn. pangkat sangisoring litnan.
lupiya: kw. tuladha.
lupit: kn. 1 rupêk, ora ombèr; 2 (sa-[x]) ½ bau.
luput: n. lêpat k. 1 ora kêna (ora pênêr panujune); 2 salah, kliru; 3 kalis ing, up. [x] ing pati; 4 nandhang cilaka; 5 [x]-[x] kurang bêgjane, yèn ora kêbênêran; 6 ([x]-e ..., iya ...) yèn ora ..., iya ...; di-[x]-ake: 1 disalahake; 2 dibebasake saka; ke-[x]-an: kêsalahan, kêdosan.
luput cinatur: kn. ora susah digunêm.
lupta: (S) kw. 1 luput, kliru; 2 lali, ilang.
lur: I mak [x] kn. katêranganing barang dawa sing didudut. II kn: cacing (lêmah).
lurah: I kn. 1 panggêdhe, pangarêp; 2 kêpala desa (kampung); di-[x]-i: dipanggêdhèni; ka-[x]-an: bawah (wêwêngkon, omah, pangkat) lurah. II kw. jurang, lêlêngkèhing gunung.
lurah-desa: n. [x]-dhusun k. panggêdhening desa.

lurah-patuh, lurah-tabon: kn. priyayi sing nggadhuhake lunggune marang wong cilik (lêlurahing bêkêl).
lurak-lurak: êngg. kn. mulak-mulak tmr. ombak.
(luri): lêluri kw. lêluhur; ng-[x] kn. 1 niti-priksa asal-usul; 2 (ut. nglêluri) nindakake padatan tatacaras kaya sing wis linakonan ing para lêluhur: dilurèkake: [dilu...]
--- 280 ---
[...rèkake:] dilêstarèkake tmr. padatan sing wis kêlumrah.
lurik ~ lobang.
lurik: kn. 1 corak (ulês) lirik-lirik; 2 bakal tênunane wong bumi.
luring: êngg. kn. lorèng-lorèng (ulêsing macan gembong).
luru: I ut. [x]-[x] êngg. kn. golèk, golèk-golèk. II kn: 1 alum, ora katon sêgêr tmr. godhong; 2 lêmês kêna diêlak-êluk tmr. mas, slaka lsp; di-[x], diluroni: dilêmêsake tmr. êmas lsp. sarana diobong; kc. kluron.
lurub: kn. 1 lawon lsp. sing dianggo tutup; 2 lawon (jarit lsp) sing dianggo tutup mayit ut. bandhosa; di-[x]-i: ditutupi, dikrukubi nganggo lurub.
(lurug): ng-[x] kn. mangkat pêrang, mênyang ing panggonaning mungsuh (pagawean); ng-[x]-ake: mbudhalake (ngangkatake) wadya-bala mênyang; [x]-an: wong sing padha nglurug (pêrang ut. nyambut gawe).
luruh: I kw. 1 sarèh, alon; 2 kn. katon jatmika (tumungkul) tmr. praèn. II di-[x]-i êngg. kn: 1 diaruh-aruhi, ditakoni; 2 dilari tmr. wong minggat lsp; kc. loroh.
lurung: kn. 1 êngg. dalan cilik sing jêblog (dalan sapi); 2 êngg. kêbon; 3 dalan gêdhe.
lurus: kn. 1 lêmpêng (lêncêng) sarta alus; 2 ([x] atine) ora jail, burus.
lus: di-[x] kn. 1 digosok (diusap-usap) supaya alus; 2 sarana alus; kc. alus.
lusah-lusah: kn. ambruk ngiwa nêngên tmr. sukêt lsp. (marga diidak-idak).
lusi: I kn. kalis, slamêt ing bêbaya, luput ing. KK kn. cacing (lêmah).
lusmèn: (W) kn. 1 hotèl; 2 omah kanggo dodol panganan (rumah makan).
lusuh: êngg. kn. lawas, kêndho; kc. losoh.
lutak: êngg. kn. mutah; kc. luntak.
lutèh, lutih: êngg. kn. pucêt.
lutnan: (W) kn. litnan.
lutung: kn. kêthèk irêng.
lucu: kn. 1 njalari gumuyu, cucut; 2 pc. prakara sing nganèh-anèhi; di-[x], ngluconi: mbadhut, mbanyol; (le-)con:[5] banyolan, badhutan.
luthik: kn. apa-apa sing dianggo ndulit (ênjêt lsp); di-[x]: didulit nganggo luthik.
luthu, luthuk: êngg. kn. rêgêd bangêt.
luthung: êngg. pc. lowung, lumayan.
luwah: ut. lêluwahan êngg. kn. sêla-sêlaning barang loro; kc. lowah.

luwak: I kn. ar. kewan bngs. kucing sok mangan pitik, kopi lsp. II [x]-an êngg. pc. wêwêngkon, tlatah.
luwang: I (ut. [x]-an) kn. 1 êngg. jugangan; 2 jugangan kanggo masangi kewan; di-[x]-i: dijugangi; gawe [x]-an, ngurugi [x]-an pr: utang dhuwit pêrlu kanggo nyauri utang; kêcêmplung ing [x]-an: kêlorop; kc. pluwang. II (ut. [x]-an): 1 kupiya sing wis linakonan; 2 kêtatalan, katêmahan lêlakon sing biyèn-biyèn; 3 pasaksi; [x]-r: adate, padatane, lumrahe; ng-[x]-i (ala, bêcik): mituturi sarana awèh kupiya (ala, bêcik) sing wis dialami.
luwar: I kn. 1 oncat (ucul) saka; 2 lêbar, jugar tmr. prakaran; 3 dimardikakake saka ing kunjara (marga wis rampung ênggone nglakoni ukuman); di-[x]-1: dimardikakake, dibebasake; 2 (ujar di-[x]-i) ditêtêpi apa sing dadi ujare (nadar, punagi); [x]-an br: bubaran, lêbaran. II(M) êngg. pc: jaba, mêtu; kc. kluwar.
luwar biasa: (M) êngg. pc. ora lumrah, mirunggan.
luwar tanggungan: (M) êngg. pc. ora ditanggung.
luwas: kn. lawas lan lungsêt tmr. sandhangan; [x] gêtih: wis mari nggarap banyu.
luwat: kn. kluwat.
luwe: I kn. ngêlih. II êngg. kn. luwing.
luwèh: êngg. pc. 1 karêbèn, ora prêduli; 2 luwih.
luwêng: kn. 1 sumuran jêro bangêt ing guwa (pagunungan); 2 (ut. [x]-an jugangan jêro, luwangan; 3 bolongan ing pangobongan gamping; 4 êngg. kêrên gêdhe (kang digawe bata ut. lêmah); di-[x]: dilêbokake ing luwêng.
(luwêr): di-[x]-ake pc. dikluwêrake, diuwêrake; kc. kluwêr, uwêr.
luwês: I kn. 1 ora kau (wagu); 2 (ut. [x]-an gampangan, kêna ditindakake sasênênge. II êngg. kn: sumbu diyan.
luwih: n. langkung k. 1 turah (punjul) saka ing mêsthine; 2 ngungkuli yèn tinimbang, up. [x] pintêr; 3 karo, lan; 4 ([x] dening) bangêt, kêladuk; ng-[x]-i: 1 ngungkuli; 2 mènèhi punjulan; 3 bangêt; ke-[x]-[x]: bangêt; ka-[x]-an: kawruh, (kasêktèn) kang ngungkuli liya-liyane; kc. linuwih.
luwih-luwih: n. langkung-langkung k. saya manèh, luwih manèh.
luwih manèh: n. langkung malih k: saya manèh.
luwing: kn. 1 ar. kewan gêdhene sadriji sikile akèh bangêt; 2 ar. wit wohe saèm. lo.
luwuk:. 1 êngg. pc. luwung; 2 (pêdhang [x]) klewang.
luwung: I (ut. a-[x]): luwih bêcik ..., tinimbang ...; kc. lowung. II alas [x] êngg. alas gêdhe.
(luwur): I lêluwur kn. lêluhur. II [x] batang êngg: cagak (planggrangan) linuruban kapasang ing dhuwur kluwat.
luwus: pc. katon rêgêd; kc. kluwus.
lo: I kn. têmbung sabawaning gumun, kagèt, ngantêbake surasa, up. lo kok ngono ! lah kae lo ! aja lo ! Ii kn: (êlo). ar. wit bngs. wringin wohe gêdhe-gêdhe.
(lob): ngêlob-lob kn. pucêt sêmu ijo.

loba: (S) kw. 1 murka, ora nrima ing pandum; 2 bathi.
lobak: kn. ar. sayuran.
lobang: (M) êngg. pc. jugangan (sing arêp ditanduri têbu); ng-[x]: gawe jugangan; kc. lubang.
--- 281 ---
lobar ~ lombo.
lobar: êngg. kn. lêga, kobèt, turah-turah.
lobêrji, lobêrci: (W) kn. pêpindhaning kêkêmbangan dianggo pajangan.
lobis: êngg. kn. kobis.
lobistha: (S) kw. murka bangêt.
lobo: êngg. kn. lobok.
lobok: kn. 1 logro, ora sêrêt tmr. anjing-anjingan, ali-ali lsp; 2 (ut. [x]-an) blatèr, gampang anggone têtêpungan.
lobong: I kn. kêmbang ceme; 2 ar. gêndhing. II di-[x] kn. didolop sarana dikalahi dhisik tmr. main lsp.
lokha: kc. lukha.
lochimachful: (A) kn. kitab kang ngêmot takdiring manungsa.
lod: I di-[x]-ake êngg. pc. dicoba supaya digdaya tmr. jago. II kw. ak. sêgara.
lodaka: kw. ak. banyu.
lodan: kn. ar. iwak gêdhe ing sêgara (klêbu kewan nusoni).
lodok: I kn. sungsum ing ula-ula. II di-[x] kn. digosok têlake (nganggo driji).
lodong: 1 pc. jêmèk, lèdèng; 2 êngg. lara ngising; 3 ks. mati.
lodra: kw. kc. rodra.
lodrog: kn. lèdrèg, jêmèk.
lojèg: êngg. kn. lodhèg.
(lojèh): di-[x] êngg. pc. ditojoh, dijojoh.
loji: (W) kn. 1 omah gêdhong, omahe bangsa kulit putih; 2 êngg. bètèng saradhadhu; 3 êngg. pakampungane bangsa Walanda (sing omahe gêdhong-gêdhong).
lojok: ng-[x] kn. 1kêladuk maju; 2 luwih saka mêsthine.
lodhèg: kn. oglak-aglik marga ora sêrêt (lobok).
lodhèh: kn. ar. jangan.
lodhên: êngg. kn. gidhên (2½ sèn).
lodhoh: kn. bosok wite ut. oyode tmr. pari (marga ama).
lodhong: kn. 1 bumbung gêdhe kanggo wadhah banyu lsp; 2 ([x] bêling) sêtoplès.
(log): di-[x] pc. dilêg.
loga-lagi: êngg. kn. loncang-lancing, ijèn thil.
logat: (A) kn. 1 swaraning têmbung; 2 basa; 3 makna, têgêsing têmbung; 4 (kitab [x]) bausastra; di-[x]-i: ditêgêsi, dijarwakake.
logok: kn. sogok; di-[x]: disogok, dilodok.
logor: êngg. kn. gogrog saka ing wit; kc. togol.
logrèg: êngg. kn. lodhèg.
logro: kn. 1 lobok; 2 kêndho, ora sêrak tmr. gurung.

loh: kn. akèh banyune sarta subur tmr. lêmah; iwak [x]: iwak banyu (kali).
lohat: kn. logat.
loh jinawi: kw. loh bangêt.
lohilmakpul: kn. kc. lokhilmakpul kn. pc. lokhilmakhful.
lohita: (S) kw. abang.
lohor: kn. wayah lan sêmbahyangan luhur (jam 1).
loyang: I (sêga [x]) kn. sêga aking disantêni tumuli diliwêt manèh. II êngg. kn: kuningan. III akik [x] kn: akik kuning (sêmu putih).
loyo: pc. aras-arasên (ringkih) marga kakèhan mêlèk.
loyop: kn. 1 êngg. ngadêg dhoyong arêp rubuh; 2 dhoyong (ora jêjêg); 3 (matane [x]) ngantuk bangêt; 4 pc. kêsêl (sayah) bangêt, tanpa daya.
(loyor): di-[x] kn. dikumbah ing landha tmr. lawon sing arêp dibathik; kc. kêthèl.
lok: I kw. sumur; di-[x]-ake kn. 1 dibêngoki marga konangan; 2 diaruh-aruhi marga ana cacade; kc. alok. II (ut. [x]-an) êngg. kn: sok; kc. gilok.
loka: I (S) kw. jagat. II (S) kw: (aloka) pangalêm, suwur; ka-[x]: 1 kaalêm ing akèh; 2 misuwur.
lokaya: br. jagat; kc. loka.
lokak, loklak: êngg. kn. lukak.
lokamandhala: (S) kw. lumahing jagat.
lokananta: kn. gamêlan ing kayangan.
loke: kn. 1 luke; 2 ar. kara.
lokendra: (S) kw. (loka indra) ratuning jagad.
lokeswara: (S) kw. (loka iswara): ratuning jagat.
lokèt: I êngg. kn. gêmbès, kanthong. II (W) kn. cêndhela cilik ing papan adol karcis lsp.
lokika: (S) kw. ak. kadonyan, wong donya.
lokita: kw. lukita.
loko: êngg. kn. lokro.
lokomotif, lokomotip, lokomontip: (W) kn: mêsin êndhas-êndhasan sêpur.
lokro: kn. kêndho lan ucul tmr. tali lsp; ng-[x]: kêndho, ora kêncêng atine.
lokrok: kn. bosok rusak babar pisan, bobrok.
lola: I kn. wis ora duwe bapa-biyung; [x] bapa (biyung): bapakne (biyunge) wis mati. II (S) kw. ak. obah, owah.
loling: kn. ting sing digawe dluwang kêna diringkês (lêlêmpitan).
lolita: (S) kw. obah, gorèh, adrêng bangêt.
lolya: (S) kw. kc. lolita.
loloh: ki. jamu, jêjamu; di-[x] kn. dipakani sarana kalêbokake ing cucuk (didulang tmr. manuk); di-[x]-ake: 1 dijêjêlake ing cangkêm; 2 diloropake marang panggonaning mungsuh; ke-[x]: kêplantrang, kêlorop.
lolor: êngg. kn. lolos; di-[x]: dilolos, dicopot.

lolos: 1 kn. copot lan ucul saka ing bêngkêkane tmr. sada ing sapu lsp. ucul mrucut tmr. gêlang, ali-ali lsp; 2 êngg. budhal, mangkat; 3 ki. minggat; di-[x]-(i): 1 didudut tmr. barang-barang sing dawa-dawa, up. sada di-[x]; 2 dicopot tmr. ali-ali, gêlang lsp.
lom: kn. 1 pucêt ngêlob-êlob; 2 êngg. ngêlih.
loma: kn. sênêng wèwèh, ora cêthil.
lomban: êngg. kn. lumban; kc. lumba.
lombo: êngg. kn. 1 kuthuk, tutut; 2 busuk; di-[x]: diapusi.
--- 282 ---
lombok ~ lorod.
lombok: kn. ar. têtuwuhan wohe rasane pêdhês dianggo nyambêl lsp; dene jênênge warna-warna, up. [x] gadhing, [x] rawit lsp; di-[x]: diusari ing lombok; [x]-ên: krasa panas bangêt marga mêntas nyêkêl lombok.
lomoh: êngg. kn. lumuh.
lompong: kn. gagange godhong lumbu, kimpul lsp; [x]-an: 1 bolongan (ing pipa, mriyêm lsp); 2 bolongan (lawangan); ma-[x] (mlompong): marga tanpa tinutupan tmr. bolongan.
lon: kw. alon; [x]-[x]-an kn: alon-alonan.
(lonjok): kn. lojok; ng-[x]: nglojok.
lonjong: kn. bundêr êndhog; [x] mimis (botor, widara): pêpindhaning mlayu bantêr bangêt.
lonjor: kn. wilanganing barang sing dawa-dawa kaya dene têbu, pring lsp. (pring sa-[x]): kc. slonjor.
londhah: êngg. kn. rêmbên, rêndhêt.
londho-londho: kn. katon ringkih ut. busuk.
londhog: êngg. kn. alon.
londhok: I êngg. kn. alon; kc. londhog. II êngg. kn. bunglon.
londhot: êngg. kn. 1 ar. ama; 2 lokro tmr. sêkrup lsp.
lontar: kn. 1 (ron tal) godhong tal ing jaman kuna digawe layang; 2 êngg. layang buku.
lontop: kn. 1 suduk kang diwrangkakake ing têkên; 2 lantaking ububan; 3 êngg. jlegor.
(lontor): ng-[x] ks. mangan, ngombe.
lontrong: I êngg. kn. dalan cilik. II [x]-[x] ut. lontro-lontro kn. lunga karo mrêngut (nêpsu).
loncang-lancing: kn. ijèn tanpa anak bojo; kc. lancing.
loncèng: kn. 1 gêntha jam; 2 jam; 3 jam kandhutan, arloji.
loncom: I êngg. kn. 1 tempe bosok; 2 ar. jangan. II di-[x]-ake êngg. pc. diloropake, dilolohake; kc. loncong.
(loncong): ng-[x] êngg. kn. nglojok, kêbablasên (kêsasar) lakune; di-[x]-ake: diblasukake, diloropake.
lonthang: I kn. 1 corak lorèk warna-warna; 2 ar. têmbang têngahan lan ar. gêndhing. II [x]-[x] kn: mlaku lêgèh tanpa nggêgawa apa-apa.
lonthe: kn. 1 brêm (bngs. kuwawung cilik); 2 palanyahan.
lonthèng: kn. mawa warna dlêmok-dlêmok sing seje karo dhasare; di-[x]-i: didlêmoki dianggo têngêr lsp.

lonthong: kn. 1 (kupat [x]) sêga sing dibuntêl ing godhong saèm. lêmpêr; 2 êngg. bngs. sabuk.
lonyo: [x] cangkême pc. sawiyah-wiyah gunême.
lonyoh: kn. lodrog (ilang kulite) marga digodhog, kêna wedang lsp; ma-[x] (mlonyoh): 1 lodrog marga kagodhog; 2 nglinyam kulite marga kêna wedang lsp.
lonyok: êngg. kn. lucu.
lonyot: [x] cangkême pc; dhêmên gunêman saru (crêmêdan).
long: I di-[x]-i kn. 1 disuda (dijupuk) sathithik; 2 dikurangi; ka-[x]: suda sathithik marga dilongi. II kn: mêrcon gêdhe; [x]-[x]-an: mêrconan. III ang-[x], ang-[x] jiwa kw: susah, sêdhih, ngênês.
longa-longo: pc. linggih mênêng bae kaya tanpa gagasan; kc. plongo, mlongo.
longan: kn. longkangan ing sangisoring ambèn, lincak lsp.
longgang: êngg. pc. lowah, longkang.
longgar: (M) kn. 1 pc. kobèt, lêga, jênggar; 2 isih durung sêsêk (kêsusu) wêktune; 3 lobok, logro; di-[x]-i: 1 diwènèhi papan sing longgar; 2 diwènèhi kamayaran; ka-[x]-an: kamayaran, inah.
longgor: I kn. 1 gêlis gêdhe tmr. bocah; 2 katon gêdhe dhuwur tmr. bocah; di-[x]-i: dipilihi tmr. wulèn pari sing arêp dianggo wiji. II êngg. kn: ngêlak bangêt, ngorong.
longkah: kn. ar. têtabuhan.
longkang: kn. lowah, mawa antara (sêla-sêla); 2 (ut. [x]-an) lowahan, papan sêla-sêlaning omah loro lsp; sasi [x]: sasi Dulkangidah; di-[x]-i: 1 dilowahi, didèkèki longkangan; 2 dilowongi tmr. giliran.
longkèh: kn. 1 ([x]-[x]) mlaku lembeyane sêblak-sêblak; 2 ar. gêndhing.
longkrang: êngg. kn. longan.
longlang: ut. [x]-[x] pc. kêdawan, katon mêncongol dawa.
longlongan: I kn. olèh-olèhane ngêlongi; kc. long. II kn: mêrconan; kc. long.
longo-longo, longong: pc. linggih mlongo; kc. plongo, mlongo.
longok: ut. [x]-[x] kn. 1 ndêngongongok nèngarêp; 2 lena, kurang wêweka; ng-[x]: nglangak, ndêngongongok.
(longop): [x]-an kn. 1 lompongan, bolongan; 2 êngg. dalan cilik ing longkanganing gêdhong gêdhe-gêdhe.
longsor: kn. mlorod jugrug dening kasêntor ing banyu.
(lopa): di-[x] kn. diwènèhi rêruba, dibêsêli.
lopak-lopak: kn. pêthèn êmas ut. slaka dianggo wadhah kinang lsp.
lopèrès: kn. lupèrès.
lopêr: (W) kn. 1 wong kang dikongkan-kongkon; 2 ut. lopor êngg. kênèk kang nuntun jaran rakitan (4, 6).
lopis: kn. ar. panganan sing digawe kêtan.
lopor: kn. kc. lopêr.
lor: n. lèr k. keblat kb. kidul; kc. ngalor.
lorah: ut. [x]-[x] êngg. kn. jurang.
lorèk: kn. corèk kang nggalêr gêdhe-gêdhe.

lorèng: êngg. pc. lorèk.
lori: I kw. gada cilik. II (W) kn. sêpur cilik kanggo momotan têbu lsp.
lor-kidul: ora wêruh [x] n. bingung.
lor-kulon: n. lèr-kilèn k. keblat antarane lor karo kulon.
lornyèt: (W) kn. kaca-mata japitan.
loro: n. kalih k. wilangan (2); [x]-[x], ngloro: sagolongane loro; diloroni: diêbut loro; [x]-[x] kn. ar. gêndhing.
loroblonyo: kn. rêca têtironing pangantèn.
lorod: kn. longsor, larud, lungsur; ma-[x]
--- 283 ---
(mlorod): 1 mudhun ngglangsur; 2 mudhun pangkate lsp; di-[x]: 1 diundurake (dijupuki) turahane tmr. pisuguh (sajèn, panganan lsp); 2 dilungsur tmr. panganggo lsp; 3 diudhunake pangkate; 4 diilangi malame tmr. bathikan sarana dikêbyok ing wedang; [x]-an: pisuguh lsp. sing wis dilorod, sisa; 2 lungsuran panganggo lsp; 3 bathikan sing dilorod.
lorog ~ mabang.
lorog: I (ut. [x]-an) êngg. pc. palêmahan ing sawah sing mêndhak (cêndhèk); [x]-an êngg: ênêr ilining banyu. II di-[x] (-ake) kn: 1 disodhokakake maju; 2 diwènèhake minangka kanggo nyauri utang; di-[x]-i: disauri sarana barang; [x]-an: 1 slorogan; 2 lèrègan.
(loroh): di-[x]-i êngg. pc. diaruh-aruhi; kc. luruh.
lorok: [x]-[x] êngg. pc. lorèk-lorèk (gêdhe).
lorong-lorong: kn. katon gêbyar-gêbyar tmr. intên.
(lorop): di-[x]-ake kn. dilolohake marang kacilakan; 2 diblasukakake; ke-[x]: kêblasuk, kêna ing apus; kêna ing [x]-an: kêlorop, diloropake.
los: I êngg. kn. 1 lunga, ilang; 2 pc. ayo rikat; di-[x]: diuja; di-[x]-i: 1 dilolosi; 2 dilironi (tanpa tambahan dhuwit); di-[x]-ake: 1 diuja, diuculake; 2 dililakake, dilirokake; kc. lolos. II kn. 1 omah gêdhe dawa (kanggo gudhang); 2 ([x]-blabag) gudhang têmbako. III (W) kn. 1 ikal-ikalan; 2 (bênang [x]) bênang kêlos (bolah plintiran).
losin: kn. wilangan ana 12 iji.
loslosan: kn. ijol-ijolan tanpa tombokan; kc. los.
losoh: kn. bosok, mlênyèk bangêt; ma-[x] (mlosoh): wis êmpuk bangêt, mlonyoh.
losok: pc. losoh.
losor: pc. longsor.
lot: I kw. 1 tansah, pijêr; kc. lod; 2 sabar, sarèh. II (W) kn. layang sing ana angkane kanggo lotre. III (W) kn. timah gilig lancip digandhulake kanggo nyumurupi jêjêg lan orane (cagak, tembok lsp. piranti tukang batu).
lota: kw. galak; kc. rota.
lotèng: (C) kn. omah sungsun kang perangan dhuwur; [x]-an: plangitan sing mèmpêr lotèng.
lotis: kn. bngs. rujak nganggo sambêl pêdhês.
lotlotan-lowe: kn. 1 ar. dolanan bocah; 2 pc. pitakonan kang mbulêt ora karuwan.

loto: êngg. kn. goroh; ma-[x] (mloto): omong gêgorohan (umuk umukan), songar.
lotre: (W) kn. adu bêgja sarana undhi (lot); di-[x]: diundhi.
locan: kn. kêmbên ut. slendhang sutra dibathik.
locana: (S) kw. mata; cs. 2.
locita: (S) kw. pangangên-angên, gagasan.
loco: ng-[x] kn. 1 nguwêd jangkrik lsp; 2 ngasud kêrtu.
locok: kn. lantak; di-[x]: 1 dilêmbutake ana ing bumbung nganggo lantak (alu); 2 ks. cumbana; [x]-an: 1 êngg. cocoh kinang; 2 (bêdhil [x]-an) bêdhil lantakan.
lothèk: I kn. luthik gêdhe; di-[x]: 1 didulit nganggo lothèk; 2 êngg. didulang sêga diulêg banjur kalêbokake ing cangkêm nganggo driji; kc. luthik. II pc: lodhèg.
(lothèng): di-[x] êngg. kn. dilonthèng.
lothis: pc. lowung, lumayan.
lothung: êngg. kn. lowung, lumayan.
(lotho): ng-[x] êngg. kn. 1 ngothong; 2 (jangan [x]) jangan kacang tholo.
(lothong): ng-[x] êngg. pc. ngothong.
lowah: kn. sêla, longkang; di-[x]-i: dilongkangi; (le)[x]-an: 1 sêla-sêla; 2 longkangan, longopan; 3 sêla-sêla antaraning gunung loro.
(lowak) [x]-an êngg. kn. gombalan, rosokan.
lowang: kn. 1 ar. iwak loh; 2 ar. lêlara kulit.
lowar: kn. kamban tmr. bolongan kuping, dadi lobok.
lowe: kn. luwing.
(lowèk): [x]-an êngg. pc. cluwokan, lêgokan.
lowèr: êngg. kn. lowar.
lowung: kn. 1 sênajan sathithik (ora apik) mêksa lumayan yèn ditimbang karo ora olèh babar pisan; 2 lumayan.
lowok: êngg. pc. lowong.
lowong: kn. 1 kothong, durung isi tmr. pangkat lsp. durung diisèni tmr. cathêtan lsp; 2 ora nindakake pakaryan kang pancène ajêg katindakake, nglongkangi giliran nyambut-gawe lsp; ng-[x]: nglakoni ora mangan apa-apa; di-[x]-i: ora diisèni, ora ditindakake gilirane; [x]-an: kothong (durung ditêtêpi) tmr. pangkat lsp.
lra: kw. ak. sumêbar, wrata; kc. lumra.
lwa: kw. jêmbar, amba.
lwah: kw. kali; kc.loh.
lwan: kw. lon (alon).
lwang: kw. long (kalong), suda, mati, rusak.
lwat: a-[x] kw. alot, kiyat, rosa.
lwih: kw. luwih.
lwir: kw. 1 rupa, wujud; 2 kaya, padha karo;; [x]-nya: 1 kaya dene; 2 têgêse, lire; sa-[x]-ing: sarupaning, sakabèhe.

1. miyos.
2. Huruf Jawa: nga lêlêt.
3. Huruf Jawa: pada lingsa.

4. Huruf Jawa: pada lingsa.
5. (le-)lucon.

M

ma: I wc. lima. II êngg. pc: bae. III kn: aksara [...],[1] [x] lima: piala limang prakara yaiku: madat, main, minum, madon, mangani; [x] pitu br: piala pitung prakara yaiku: madat, main, minum, madon, mangani, maling, mada.
ma'af, ma'ap: êngg. pc. (minta [x]) (njaluk) pangapura.
mabang: kw. abang.
--- 284 ---
mahên ~ majêr.
mahên: I k. madu; [x]-i, [x]-akên k: madoni, madokake; kc. padu. II k. ak: madung; kc. wadung. III êngg. k. madu(ning tawon).
mabyar: kn. ak. mênga (mêgar) byar.
mabyungan: kw. byung-byungan akèh bangêt.
mabyur: kn. cuwèr awujud banyu (tmr. bêbanyu).
mabyor: êngg. kn. pating glêbyar, sumorot; kc. abyor, byor.
mabluk: kn. 1 katon putih-putih; 2 akèh uwane (tmr. rambut).
mabuk: êngg. kn. 1 mêndêm; 2 nêpsu bangêt, muring-muring.
mabukuh: kw. linggih tumungkul.
mabul: (-mabul) kn. 1 sumêbar mrana-mrana (tmr. barang kang têmbut, blêdug lsp); 2 pc. pating jlêmprah ora karuwan, ent. êntèk akèh ora tumanja; kc. bul, abul.
mabur: kn. ngambah ing awang-awang; kc. bur, abur.
mabok: êngg. pc. mabuk.
mada: I ut. mêmada kn. nacad, maoni; kc. wada. II ut. madan êngg. rada. III (S) kw: mêndêm, umuk.
madahab: (A) kn. 1 ([x] papat) panêmu babagan piwulang agama Islam; 2 êngg. keblat papat; dohe 3 (7) madahab pc: adoh bangêt.
madaya: kw. ngapusi, maeka, ngrekani; kc. daya, mêrdaya.
madak: êngg. kn. andak, ndadak.
madal: I kn. 1 ngênêtake (njêjak) ing; 2 ak. nampik, êmoh nggugu; [x] pasilan ak: lunga saka ing pajagongan; [x] sumbi: 1 ana kang mbrênjul (njêkêthut) tmr. tênunan; 2 ngêndhêg-êndhêgi rêmbug, nyulayani; [x] tamba (-jampi k, -usada kw) wis ora kêna ditambani; kc. padal. II êngg. ak: asok dhuwit supaya bebas saka pagawean aradan; kc. wadal.
madana: (-raga) kw. sih, sêngsêm, katrêsnan.
madani: kn. moyoki, nacad, maoni; kc. wada.
mada plera: êngg. moyoki.
madas: kn. ak. magêl, satêngah matêng.
madat: êngg. kn. candu, [x]-i, [x]-an êngg. ak: nyêrèt.
made: I êngg. k. adol; kc. wade. II kw. (êngg. k): bale. III kw: têngah; kc. madya.
made kambang: kw. bale kambang.

madèni: I n. madosi k. ak. nyimpên wadi; kc. wadi. II êngg. k. ngêdoli; kc. wade.
madêg: kn. jumênêng ki. 1 ak. ngadêg, ora rubuh; 2 dadi ana (tmr. yêyasan, pakumpulan lsp); 3 dadi ut. ngrênggêp pangkat, up. [x] ratu; kc. adêg.
madêr: êngg. jêrnèh.
madhab: (A) kn. madahab.
madu: I kn. banyuning kêmbang kang rasane lêgi, banyu ing tala tawon asal saka banyu kasêbut; kêbanjiran sêgara [x] pr: nêmu kabêgjan gêdhe; mubra-mubru blabur [x] pr: sarwa kecukupan; sirat-sirat [x] pr: mung dianggo lamis bae. II n. mabên k: rêbut bênêr; kc. padu.
madubrata: kw. 1 kêmbang; 2 tawon.
madukara: (S) kw. tawon.
maduli, madulake: kn. wêwadul marang; kc. wadul.
Maduntên: êngg. k. Madura.
madung: kn. namakake wadung; kc. wadung.
madon: I kn. satêngah matêng (tmr. êndhog godhogan). II kn. ak: mojok; kc. padon. III ut. madoni n. ngèstri, ngèstrèni k: royal wong wadon; madoni kn. kaya wong wadon; kc. wadon.
madoni: n. mabêni k. mbantah; kc. padu.
mados: I [x]-i k. madi, madèni; kc. wadi. II [x]-i k. nggolèki; kc. golèk.
madraka: kw. ar. têmbang gêdhe.
madya: kw. 1 têngah; 2 sêdhêng(-an); 3 bangkekan; 4 (basa [x]) antarane basa krama karo ngoko; sa-[x]: sacukup, sêdhêngan.
madya-gantang: kw. awang-awang.
madyantara: kw. awang-awang.
madyapada: kw. jagat, donya.
madyasta: kw. ora bau kapine, ora pilih sih.
maja: kn. ar. wit sarta woh.
maja-maja: êngg. kn. 1 pantês, kaya ing samêsthine; 2 (ut. [x]-e) pantês bae, mêsthi bae; ora [x] pc. ora lumrah, ora mèmpêr.
majakan: kn. ar. wit sarta wohe (sok dianggo sisig lsp).
Majalêngka: êngg. k. Majapait.
majan: kn. ak. panggonan tukang mêdêl.
majang: I kn. ngrêrêngga supaya asri; kc. pajang. II nglakèni; kc. wajang.
majang-pasisiran: kn. ak. tampa ayahan lêlungan sajabaning nêgara.
majang wulan: kn. ak. lêlangên ana ing jaba nalikane padhang bulan.
majar: (-i, -ake) I êngg. kandha, ngandhani, ngandhakake. II êngg: madhangi; kc. pajar. III majar êngg. ak: bngs. dhadhu.
majas: (A) kn. 1 ora ana rêmênan; 2 êngg. pantês, majad.
majêg: (-pangan n. -têdha k): nyanggakake pangan.
majêgan: n. maosan k. ak. tanah kang disewakake; kc. pajêg.
majêgi: kn. êngg. kang nandur uga dikon ngênèni pisan.
majêgi: n. maosi k. mbayari pajêg (sewane tanah); kc. pajêg.
majêlis: (A) kn. ak. pakumpulan ut. parêpataning para pintêr.

majêmuk: (-an) kn. slamêtan bêbarêngan wong akèh.
majênun: (A) kn. 1 rada gêndhêng dening kêladuk ênggone nglakoni nggêgêgi agamane (Islam); 2 êngg. kêlulut marang.
majêng: k. 1 madhêp; 2 maju; 3 êngg. mayu; [x]-i êngg. k: mayungi; [x]-akên k: mayokake.
majêr: kn. ora bisa duwe anak (tmr. kewan).
--- 285 ---
maji ~ magrok.
madi: êngg. pc. mangsa! (ora kalal).
majibi: kn. mènèhi wajib (kawajiban); kc. wajib.
majik: êngg. kn. ngindhung, mondhok.
majikan: êngg. kn. 1 bêndara; 2 lêlurah (ing wong nyambut gawe).
majir: êngg. kn. majêr.
majirake: êngg. merang-merang; kc. wajir.
maju: I n. majêng k. 1 mlaku mêngarêp; 2 ent. mundhak-mundhak (bêcik, pintêr, tata, laris lsp); 3 mêtoni ing (papêrangan, pangadilan lsp); 4 ([x] marang panggawean) sênêng nyambut gawe; 5 êngg. seba ut. tansah ngadhêp marang bêndara, lêlurah lsp); majokake: ngundhakake ut. agawe supaya maju; kc. aju. II kn: nyigar nganggo paju; kc. paju.
muju-mundur[2] : kn. gojag-gajêg.
maju-pat: (-têlu, -lima lsp) n. majêng-sêkawan (-tiga, -gangsal lsp) k: lumah kang winatêsan ing sisih 1, 3, 5 lsp.
majuh: êngg. ak. mangan.
majusi: (A) kn. juru tênung.
madha: n. nyami k. agawe padha karo, padha karo; kc. padha.
madhaharan: kn. ak. (juru [x]) juru olah-olah.
madhahi: kn. nglêbokake ing wadhah; kc. wadhah.
madhang: êngg. pc. 1 mangan (-sêga); 2 (ut. [x]-an) lawuh.
madhangi, madhangake: agawe padhang marang; kc. padhang.
madhar: êngg. kn. mepe pari ana ing sawah; kc. padhar.
madharan: 1 êngg. k. wêtêng; 2 juru olah-olah (ing dalême para luhur).
madhas: kn. kaya padhas.
madhèhi: kn. 1 (ut. madhèni) êngg. njêlèhi, bosên; 2 (ut. madhèhake) mêdharake marang sabên wong; kc. wadhèh.
madhèng: kn. ak. wis mari manak; kc. adhèng.
madhêk: kw. nyêdhak, seba; kc. padhêk, parêk.
madhêmi: êngg. k. matèni; kc. padhêm.
madhêp: n. majêng k. 1 marêp; 2 sênêng marang, karêm marang; kc. adhêp.
madhêt: pc. atos marga diênêt-ênêt (tmr. lêmah lsp); kc. padhêt.
madhug: êngg. madhuk.
madhuk: kn. mbludhuk (tmr. lêmah); kc. adhuk.
madhuki: kn. ak. 1 njêjêli, ngisèni; 2 dhêmên mangan, akèh tadhahe; kc. wadhuk.

madhul: (-madhul) kn. 1 pating bêsasik ora tata (tmr. rambut lsp); 2 pc. êntèk akèh ora tumanja (tmr. panganggone dhuwit lsp); adhul.
maedahi: kn. migunani; kc. paedah.
maejan: kn. kayu (watu) ditrap ing dagan lan ulon-uloning kuburan (ut. kijing).
maekani: kn. ngapusi; kc. paeka.
maèlu: kn. nggatèkake marang; kc. paèlu.
maèn: I êngg. pc. dolanan, main. II êngg: bêcik bangêt.
maènda, maèndha: êngg. k. wêdhus; kc. menda.
maèr: I êngg. ak. prigêl, wasis, kulina nindakake. II di-[x] êngg. kn: dilarihi (ing nalikane nayuban).
maèrèl, maeril: êngg. pc. 1 ayu; 2 kang dikasihi.
maesa: k. kêbo.
maesan: êngg. kn. maejan.
maetala: kw. lêmah, bumi.
maêm: pc. mangan (têtêmbunganing bocah).
maêng: êngg. mau.
magag: kn. ak. mangu-mangu, rada wêdi.
magah: êngg. kn. wangkod.
magak: êngg. pc. 1 ajêg, têtêp, ora owah; 2 manggon; 3 ora mundhak gêdhe.
magal: kn. ak. agal.
magan: ut. mêmagan kw. kliru, cuwa.
magang: kn. 1 (ut. [x]-i) êngg. adhang-adhang (ngadhang) wong dodolan lsp; 2 calon dadi (-priyayi), punggawa lsp); 3 ([x] gawe, [x] tani) êngg. calon olèh bagean ndarbèni sawah; [x]-an: 1 êngg. pangadhangan; 2 apapan pasowananing para magang; kc. adhang, pagang.
magas: kn. 1 ngiris sathithik; 2 êngg. isih tigas (anyar); kc. pagas.
magasesa: kw. kagol, cuwa
magawan: kw. dadi bagawan; kc. bagawan.
mage, magèk, magèn: êngg: ayo, mara!
magene: êngg. mangka.
magêl: êngg. pc. 1 durung matêng. satêngah matêng; 2 durung sampurna; 3 isih tanggung-tanggung, isih durung dadi (tmr. rêrêmbugan lsp); kc. dhagêl, wagêl.
magêlang, magêlêng: kn. ak. nekad, ndlarung, êmoh nggugu.
magêlaran: kw. seba marang (mênyang); kc. pagêlaran.
magêmpuran: kw. padha rusak; kc. gêmpur.
magênturan: kw. padha nywara gumludhug.
magêng: kw. gêdhe; kc. agêng.
magêp-magêp: êngg. pc. mêgap-mêgap.
magêpokan: kn. gêgayutan karo; kc. gêpok.
magêrsari: n. magêrsantun k. wong kang ngindhung ing pomahane para luhur.
magêr timun: br: kaya pagêr timun (candraning laku kang bêcik).
magesin: (W) kn. gudhang.

magih: êngg. isih.
maglêg: êngg. pc. mirasa bangêt.
magut: ([x] jurit, [x] pupuh) kw: mêthukake pêrang (maju pêrang); kc. pagut.
magoli: kn. ngalang-alangi; kc. pagol.
magol-magol: kn. ak. megal-megol.
magon: (-i) kn. ak. nêtêpi, nuhoni, ngukuhi; magoni êngg: nyangêmi,[3] nêtêpi (mbênêrake); kc. pagon.
magru, magro: êngg. ak. durung putus (-rampung).
magrok: êngg. pc. 1 manggon lan mandhêg ing; 2 mandhêg bae, ora owah-owah.
--- 286 ---
magrong-magrong ~ maju.
magrong-magrong: kn. katon gêdhe lan dhuwur (tmr. omah lsp).
mah: I êngg. kn. mèh. II êngg: êmbok, biyung; [x] tuwa êngg: êmbah wadon; kc. mamah.
maha: I kw. bangêt ut. linuwih (ing têmbung camboran). II di-[x] kn. ak. 1 ditêmaha, dijarag; 2 salahe dhewe.
maha-agung: kn. luhur (gêdhe) bangêt.
mahabaya: kw. mbêbayani bangêt (bêbaya gêdhe).
mahabala: kw. ak. rosa (sêntosa) bangêt.
mahabara: kw. ak. abot bangêt.
mahabewara: kw. ak. mêmêdèni bangêt.
mahabirama: kw. ak. ayu (endah) bangêt.
mahabisana: kw. ak. nggêgirisi (mêdèni) bangêt.
Maha-biskop: kn. ngulama Katulik sadhuwuring biskop.
mahadibya: kw. sêkti (luhur) bangêt.
nahadurgama: kw. ak. gawat bangêt.
mahadwija: kw. guru (pêndhita) linuwih.
mahayana: kn. sêmpalaning agama Buda.
mahayati, mahayêkti: kw. pêndhita linuwih.
mahakuwasa: kn. kuwasa bangêt (sipating Allah).
mahakrura: kw. ak. ambêk siya bangêt.
mahal: êngg. pc. 1 larang; 2 kurang pakolèh; kc. mowal.
maha-luhur: kn. luhur bangêt (sipating Allah).
mahamake: êngg. pc. nanjihake, maspadakake; kc. paham.
mahamantri: kw. patih.
mahambara: kw. ora lumrah, langka.
maha-mulya: kn. mulya bangêt.
mahamuni: kw. pêndhita linuwih.
mahanani: kw. nyasmitani, nêrangake yèn; kc. wahana.
mahapawitra: kw. ak. suci (wingit) bangêt.
mahaprana: kw. kanthi napas akèh (tmr. aksara yaiku aksara murda).
mahar: kn. ak. maskawin.
maharaja: kw. ratu gêdhe.
mahardikèngrat: kw. (Sang [x]) kang wicaksana sarta kuwasa.
maharja: kw. rêja, slamêt.

maharêsmi: kw. rêmbulan.
maharsi: kw. pêndhita luhur.
mahas: kw. dolan-dolan; [x] ing asêpi kw: dêdunung ing papan kang sêpi (ninggal kadonyan).
mahasadu: kw. ak. utama bangêt.
mahasura: kw. kêndêl bangêt, senapati.
maha-suci: kn. suci bangêt (sipating Allah).
mahat: I êngg. kn. ndèrès. II kn: gawe lênga wangi; kc. pahat.
mahawikan: kn. wêruh ing samubarang prakara (sipating Allah).
mahitala, maitala: kw. bumi, lêmah.
mahfut: (A) kn. ak. sinimpên ing angên-angên.
mahidhara: (S) kw. ak. gunung.
mahiman: (S) kw. ak. (ka-)luhur(-an).
mahisa: (S) kw. kêbo.
mahisi: (S) kw. pramèswari (garwaning ratu).
mahitala: (S) kw. bumi.
mahyakake: kw. mêdharake, nêrangake; kc. wahya.
maho: kw. bêning, padhang.
mahodadi: (S) kw. sêgara(-gêdhe).
mahojwala: (S) kw. padhang bangêt.
mahosada, mohosadi: kw. tamba kang mandi bangêt.
mahotsawa: (S) kw. ak. kasukan andrawina.
mahoca: (S) kw. ak. dhuwur bangêt.
mahrib: (A) kn. 1 ak. (sisih-) kulon; 2 tanah-tanah sakulone Arab (Afrika lor); 3 (sêmbahyang [x]) sêmbahyang ing wayah surup srêngenge.
maibên: k. maido.
maidahi: kn. ak. migunani; kc. paedah.
maido: n. maibên k. ora ngandêl; kc. paido.
mail: kn. ak. jimat.
main: êngg. pc. 1 ngabotohan nganggo kêrtu; 2 (ut. [x]-an) dolanan; 3 wiwit mitongtonake (tmr. tontonan, wayang wong lsp); 4 tumindak kaya, gawe reka (pokal kang ora lumrah); [x] api: kêmbang api; [x] bal: bal-balan; [x] bolah: bilyart; [x] gila pc: edan-edanan; [x]-mata pc: nandukake pamandênge kang ora barès; [x] mubêng pc: mung tansah sangsalan;[4] [x]-[x] pc: sêmbrana; [x]-an êngg. pc: rêrênggan ing rante jam lsp.
maingsa, maisa: êngg. k. kêbo.
maisi: kw. kc. mahisi.
maiti: pc. mènèhi pawitan: kc. pawitan, pait.
maya: I (S) kw. 1 sêmu, samar, sulapan; 2 pangapus, wêwayangan; 3 padhang nrawang; 4 endah bangêt; [x]-[x]: sêmu padhang sumamar (tmr. warna ijo lsp); kc. kamayan. II kn: kêmbang blimbing.
mayag-mayag: kn. ak. gêdhe bangêt (tmr. wêtêng).
mayahake: kn. njalari payah; kc. payah.
mayak-mayak: êngg. pc. sarwa kêcukupan, ora sêsêk wêktune.
mayan: êngg. kn. isih.

mayang: I kn. kêmbang jambe; disêndhal [x] br: dijabut nyawane. II n. ngringgit k: nglakokake wayang; kc. wayang. III kn: ar. prau dianggo misaya iwak; kc. payang. IV kn: urat-urat kêbo (sapi) ing gêgêr.
mayangi: kn. kaya wong edan (solah tingkahe); kc. kêmayangan.
mayar: kn. 1 ([x] goyar êngg. pc) ora rêkasa, ora abot, gampang; 2 wis rada mari (tmr. lara).
mayat: kn. rada miring (ora ndêdêr).
mayêg-mayêg: êngg. pc. abot bangêt gêgawane.
mayêng: (-mayêng) êngg. kn. lunga mênyang êndi-êndi (mubêng-mubêng).
mayig-mayig: kn. obah oyag-ayig.
mayit: kn. layon ki. jisim (wong kang wis mati).
mayu: I êngg. kn. masang payoning omah; kc. payu. II ut. mêmayu kw. agawe bêcik, mbêbêcik; kc. ayu, hayu.
--- 287 ---
mayug-mayug ~ malad(-alad).
mayug-mayug: kn. obah-obah arêp rubuh mêngarêp; kc. mayuk.
mayuh: kn. ngrangkêp bojo (pagawean, guru lsp); kc. wayuh.
mayuk: kn. tumêlung (ndhoyong) mêngarêp, tumungkul mêngarêp.
mayung: êngg. kn. 1 kaya payung yaiku ana ing sadhuwuring êndhas jêjêg (tmr. layang); 2 dadi tukang mayungi; kc. payung.
mayungyung: kw. mbungkêm, mbanda; kc. wayungyung.
mayura: kw. mêrak; kc. manyura.
mayus: kn. ak. pucêt bangêt; kc. payus.
mayo: I ut. mayuh êngg. ak. ayo! II ut. mayonên kn: lara mata (saèm. bèlèk).
mayokake: I n. majêngakên k. ngêdolake supaya payu; kc. payu. II kn: nglèrènake sawêngi; kc. wayu. III kn. ak: ngêtrapake payon; kc. payu, payon.
mayoni: kn. ak. ngêtrap payon ing; kc. payu.
mayor: (W) kn. 1 pangkat sadhuwuring kaptin; 2 êngg. sêsêbutane punggawa desa kang pinatah ngawat-awati pangêduming banyu.
mayoran: êngg. pc. mangan enak.
mak: I êngg. êmbok, biyung; kc. mamak. II êngg. bapak; [x] dhe êngg: êmbah; [x] nyai êngg: êmbah wadon; [x] gus êngg: paman; [x] tuwa êngg: uwa. III êngg: ko-. IV pc: têmbung kang mratelakake tumindak, kaanan lsp. kang dadakan (sanalika, ngêgèt), up. [x] glimpang, [x] byar. V kn: bngs. ganda-rukêm (dianggo nggosok sênggrèng rêbab lsp).
makadi: I kw. kang dadi pangarêp, kang dhisik. II kw: lan uga, malah uga.
makajangan: kn. ak. padha lêrêb ana ing alun-alun (nalikane seba ut. ndêdêgi karamean, tmr. para abdining ratu).
makah: kn. ak. ngrangkêp; kc. pakah, mangkah.
makakake: mènèhake pakan marang; kc. pakan.
makakna: pc. kang mangka.
makal: kn. nutupi bolong-bolongan ing prau; kc. pakal.

makam: (-an) êngg. kn. kuburan, jaratan.
makan: êngg. pc. 1 mangan; 2 ngêntèkake (wragat, waktu lsp); 3 mlêbu (manjing) ing; 4 bisa nampa (piwulang lsp), bisa tumama ut. pasah; [x]-an êngg. pc: panganan.
makan ati: êngg. pc. njalari susah (ngênês), mangkêlake.
makan dharah: pc. mêrês gêtihing liyan (ngolèhake awake dhewe).
makani: kn. mènèhi pakan; kc. pakan.
makan tuwan: pc. malah dadi dhadhakan konangan pialane ut. njalari disrêngêni.
mangkasali[5] : k. ak. makolèhi; kc. pakolèh!
makapake: kn. ndanakake dianggo wakap; kc. wakap.
makara: kw. urang; kc. mangkara.
makatên: k. mêngkene, mêngkono.
makbud: (A) kn. ak. panêmbah marang Allah.
makdum: (A) kn. ngulama.
makèhi: kn. ngêtrapake pakean; kc. pakean.
makeringi: kw. ering marang; kc. pakering.
makewuhi: n. makèwêdi k. njalari pakewuh; kc. pakewuh.
makêdi: êngg. pc. matêsi; kc. wakêd.
makêm kêndhali: kn. 1 nggêgêt kêndhali (tmr. jaran); 2 pc. ora uwal-uwal; 3 pc. ngurangi, ngênthêt, ngunthêt; kc. pakêm.
makidhupuh: kw. linggih tumungkul urmat bangêt.
makiki: (A) kn. nyata ana têmênan, tus-tulèn.
makili: kn. nyulihi; kc. wakil.
makirta, makirtya: kw. gawe (ngarang lsp).
maklar: (W) kn. tukang nawakake ut. ngêdolake.
makluk: (A) kn. titah, tumitah.
maklum: (A) kn. 1 ak. pangapura, apura; 2 (ut. [x]-e) pc. sampeyan apuntên (dene kula botên sagêd nyukani, wangsulan marang wong ngêmis); di-[x]-i ak: diapura; [x]-an ak: apura ingapura.
makmak: (-an) êngg. mung mikir awake dhewe.
makmum: (A) kn. 1 mèlu sêmbahyang (karo imam, Islam); 2 pc. mèlu, nunut, nêmpil.
makna: (A) kn. 1 têgês, katêrangan, surasa; 2 pc. wis têrang; dimaknani: ditêgêsi, ditêrangake surasane.
maku: kn. nganjingake lsp. nganggo paku; kc. paku.
makung: kw. sêngsêm, kedanan; kc. kung.
makutha: 1 kn. bngs. songkok agêming ratu yèn pinuju sinewaka; 2 ki. kuluk.
makrak: kw. mbêngok, njêlih; kc. mangkrak.
makramak, makromah: êngg. pc. kudhung (tmr. wong wadon Islam).
makripat: (A) kn. panyawang marang sipating Allah (kawruh gaib).
makruh: (A) kn. 1 pantês ora dilakoni, pantês dicêri-cêri (miturut anggêr-anggêr Islam); 2 êngg. pc. rada mangkêl.
makrup: kn. ak. misuwur.
makroni: kn. bngs. mihun.
maksi, mèksi: kw. ndêlêng, wêruh; kc. aksi.

maksih: êngg. k. isih.
maksiyat: (A) kn. dosa, ngakoni ala; [x]-an: duraka.
maksud: (A) kn. karêp, têgês (surasa); di-[x]-i ak: ditêgêsi.
maktal: kn. ar. wuku kang kaping 21.
mal: (W) kn. klêbut.
mala: I (S). 1 kw. rêrêgêd, lêlêthêk; 2 kw. dosa, cacad; 3 kw. kacilakan, kasangsaran; 4 (ut. mêmala) êngg. lêlara kulit (gudhig lsp). II kn: nggêbugi (nggitiki); kc. pala.
mulabuka: (ne) kn. wiwitane; kc. mula-buka.
malad: (-alad), maladi kw. 1 murub, mêngangah; 2 enr. mêmpêng bangêt,
--- 288 ---
dêrêng bangêt, kêpengin bangêt; (mê-)malad kung(-sih) kw: ngrêrêmih (njaluk) supaya disihi; malad puja kw: sêmadi; maladi ning(-êning) kw: mêmpêng ngêningake cipta; kc. alad.
malaekat ~ mamah-mumuh.
malaekat: (A) kn. ar. roh ing swarga (tmr. agama Islam, Kristên, Yahudi).
malah: kn. 1 (ut. [x] uga êngg) luwih-luwih uga ...; 2 kêjaba iku uga ...; 3 nanging (kosok baline).
malahan, malahên, malah-malah, malah-mandar: êngg. kn. malah.
malahi: kn. ora miturut (wani mbangkang, njalari kangèlan); kc. kuwalahan.
malaya: kw. (ar) gunung.
malak: (-i) I kn. 1 (kumudu-kudu) olèh luwih akèh tinimbang liyane; 2 êngg. pamêtune panenan dadi darbèke kang duwe sawah (ora paron). II malaki kn. ak: nalati.
malak: (-an) êngg. kn. malah.
malakulmaot: (A) kn. malaekat pati (kang njabut nyawa).
malam: n. lilin k. ar. jasat rupane mèmpêr kêndhal (asal saka tawon ut. campuran liyane) dianggo mbathik lsp; ati [x] pc: gampang lilihe.
malandhi, malanji: êngg. kn. rampung.
malang: I kn. 1 sumèlèh sumlandhang (miturut alange), kb. mujur; 2 sisih sakarone amba (tmr. uwang, pundhak lsp); 3 turah ut. ora cèplês (tmr. wilangan kang dipara); 4 (dina [x]) ak. dina kang dianggêp suci (yaiku Jumuwah, Slasa Kliwon); 5 êngg. sêsêbutaning prabot desa (pulisi desa); 6 êngg. saèm. glondhong (sadhuwuring lurah desa); [x]-i: 1 mêpêti; 2 ak. ngelikake, nyandhêt; kc. alang, palang. II kn. 1 ak. golèk walang; 2 kaya walang.
malang atèni: kn. ak. njalari susah (mbêbayani, matiri); kc. walang-ati.
malang gambuhi: pc. bêbojoan sing lanang luwih cilik (ênom) tinimbang sing wadon.
malang kadhak: kn. mêthènthèng (katon umuk).
malang kêrik: kn. tangan sakarone didokok ing bangkèkan.
malang megung: kn. sumèlèh ora karuwan alang-ujure.
malang sumirang: kn. ak. nggugu karêpe dhewe (sawiyah marang liyan).

malar: I êngg. ak. malah. II êngg. ak: 1 njupuk, murih, golèk; 2 njaluk; [x]-i ak: ngrêsaya, njaluk tulung; kc. palar. III [x]-[x] êngg. ak. muga-muga.
malariyah: (W) kn. lara panas-tis.
malati: kn. ngêtokake walat; kc. walat.
malbèng, malbung, malbwèng: kw. mlêbu ing.
malèh: êngg. malih.
malèhake: kn. mblakakake, kandha blaka; kc. walèh.
malekat: kn. ak. malaekat.
malela: kn. (wêsi [x]) waja irêng; kc. mlela.
malèni: kn. ak. dadi walining wong ningkahan; kc. wali.
malêd: êngg. kn. olèh walêdan (bayar tunggakan); malêdake, malêdi: nunggak (bayarane lsp); kc. walêd.
malêdi: kw. kêpengin (kêdêrêng) bangêt; kc. maladi.
malêk: êngg. kn. malak.
malêm: I kn. isih rada têlês. II kn: bêngi ing ngarêpake dina candhake, up. [x] Kêmis (Rêbo sore); [x]-an: slamêtan ing sajroning sasi Pasa (tanggal 21, 23, 25, 27, 29); [x] lowong: tanggal 22, 24, 26, 28 ing sasi Pasa.
malêr: êngg. kn. tansah, pijêr, isih (-ana) bae.
malêri: êngg. ak. 1 nglarangi; 2 matêsi; kc. walêr.
malês: I kn. gênti mènèhi, gênti mbalèkake tindaking liyan kang ditamakake; kc. walês. II êngg. pc. kêsèd.
malige, maligèn: kw. dhampar palinggihan.
malih: I kn. ganti rupa (warna, wujud, kaanan); di-[x]-ake: didadèkake (diowahi) sipate ut. rupane; [x]-an: ganti rupa (kaanan), kang wis malih. II k: maro; kc. palih, paro. III k: manèh.
maliyo: kn. ak. ar. bakal bngs. lawon alus.
malik: kn. 1 kang jêro (ngisor) dadi ana ing jaba (ing dhuwur) uga, dianggo entar; 2 mluku kang kapindho; kc. walik.
malik klambi: . 1 kang jêro didadèkake ana ing jaba (tmr. klambi); 2 pc. kc. malik tingal.
malikat: kn. ak. malaekat.
malik monthok: pc. ora têtêp panêmune (gonta-ganti).
malik tingal: kn. ganti panêmu, nyelaki kaantêpane, mbalik ngiloni mungsuh.
malim: êngg. ak. 1 pintêr, wasis; 2 panuduh dalan, prau panuduh.
malimirma: kn. ak. ngeman, mêlasi; kc. palimirma.
maling: 1 (n. pandung k) durjana kang nyênyolong ing wayah bêngi; 2 (n. mandung k) nyênyolong ing wayah bêngi; di-[x]-i: dicolong (dilêboni) maling; [x]-an ak: (barang) colongan.
maling arêp: pr. nyênyilih êmoh ngulihake, ngilangake êmoh nêmpuhi.
maling dhèndhèng: pc. ndhêmêni wong.
maling raras: (-rêtna) br. nyidra asmara.
malir: kn. gawe kalenan; kc. palir.
maliwêran: kw. pating blêbêr (-kliwêr).
malya: (S) kw. oncèn, gubahan.

malmil: pc. tansah mêmangan.
mal-mol: pc. cêmal-cêmol.
malu: I kn. namakake palu; kc. palu. II (M) êngg. isin.
maluh: êngg. jêblog, akèh blêthoke; kc. paluh.
maluya: kw. mangsuli.
maluyakake: kw. mbênakake, mbênêrake, marèkake; kc. waluya.
malo: di-[x] kn. dikêmalo.
maloni: êngg. maoni.
mamah: I kn. nggilut ki. 1 nglêmbutake sarana untu; 2 pc. ora nggugu pitutur; di-[x]: 1 dilêmbutake sarana untu; 2 pc. ora digugu; 3 pc. ditindakake kalawan gampang; [x]-an: kang wis dimamah. II êngg. pc. êmbok, biyung.
mamah-mumuh: kn. ak. mubra-mubru, sarwa kêcukupan.
--- 289 ---
mamak ~ mandene.
mamak: I êngg. 1 bapak; 2 êmbok. II ([x] mumuk) kn. 1 matane mêlèk nanging ora wêruh; 2 nekad nggugu karêpe dhewe; 3 ngawang, ngawur.
maman: kn. ak. nyêbut paman; kc. paman.
mamang: I kn. ak. sêmang-sêmang, tidha-tidha, durung têrang. II êngg. kn: paman.
mamar: kn. ak. sumamar, rêmêng-rêmêng.
mamas: kn. ak. nèkêl (saèm. slaka).
mamblak: (-mamblak) êngg. ak. sumêbar mratani.
mambang: kw. bngs. lêlêmbut (dewa).
mambêg: kn. 1 mandhêg ora bisa mili; 2 ak. patohan dhewe (tanpa tandhing); kc. bêbêg.
mambêk: kn. ak. gumêdhe, umuk; kc. ambêk.
Mambêng: êngg. k. Malang.
mambêngi: k. ngalang-alangi; kc. pambêng, palang.
mambêt: k. mambu.
mambil: kw. njupuk; kc. ambil.
mambu: n. mambêt k. 1 kêtaman (ngrasakake) ambu; 2 ngêtokake (nganakake) ambu; 3 bosok ngêtokake ambu kang ora enak; 4 pc. wis ora payu (-wayu), ora ana kang arêp; ora [x] ... (bocah, wong wadon lsp); [x] ati pc: rada kêgimir atine (dhêmên marang); kêsêlak [x] angin pc: kêsêlak kasèp; [x] dhêm pc: kêna ing adhêm; [x] ilu pc: kanji, wêdi; ora [x] enthong irus pc: dudu sanak dudu kadang; isih [x]-[x] -kulit daging) pc: isih rada sanak; isih [x] kuku pc: isih kurang; kc. ambu.
mambrah-mambrah: êngg. kn. pating jlêmpah mrana-mrana.
mambrih: êngg. kn. mamrih.
mamèri, mamèrake: kn. pamèr marang; kc. pamèr.
mamèt: kw. golèk; [x] prana kw. golèk ati (supaya disihi).
mami: kw. - ku, aku; kc. kami.
mamin: kw. pêthukan.
mamiti: kn. pamit marang; kc. pamit.
mamuk: kw. ngamuk; kc. amuk.

mamut: kw. ilang, sirna, lunga.
mampang: (-mampang) kn. nêpsu bangêt (marga kêcênthok, êmoh nurut lsp).
mampang-mumpung: kn. ak. nekad mumpung kêbênêran mangsane.
mampêt: kn. nutup supaya pampêt; kc. pampêt.
mampir: kn. mêdhayoh (lèrèn) sadhela ana ing panggonan kang kêdalanan; kc. ampir.
mampu: êngg. kn. sugih; ora [x] êngg: ora bisa (-kuwat).
mampus: êngg. pc. 1 lunga; 2 mati.
mamprah: pc. ndêdêl ênggone dêdagangan; kc. maprah.
mamprang: kn. sanalika nêpsu bangêt; kc. mampang.
mamprung: kn. kabur (mabur) bablas.
mamrih: kn. ak. murih; kc. pamrih.
mamring: kn. (sêpi [x]) sêpi bangêt.
man: pc. paman.
mana: I n. mantên k. kèhe (gêdhene) padha karo kae, up. sa-[x], rong [x]: dèk [x] kae êngg. pc: ing nalika samana. II pc: mratelakake pambangêt (ngantêpake surasa, pamuji lsp). III (S) kw. ak: pangangên-angên, ati, rasa-rumangsa.
manaduganda: kw. njurungi, ngrujuki.
manadukara: kw. njurungi, ngrujuki, nayogyani.
manadhêm: kn. ak. limun (ombèn-ombèn).
manah: I k. ati. II k: mikir; kc. pikir. III kn: nglêpasake panah; kc . panah.
manail: kn. ar. wuku kang kaping 23.
manak: kn. 1 nglairake (duwe) anak; 2 nganggo anakan (uyahan); kc. anak.
manakawan: kn. ak. dadi panakawan; kc. panakawan.
manang: I kw. ak. kliru, nêpsu. II (abang-) [x]-[x] kn. abang bangêt (tmr. rai, wudun lsp).
manas-ati: kn. njalari panas ati; kc. panas ati.
manasi: I n. mbêntèri k. 1 agawe panas; 2 mèri bangêt marang, gawe piala marang; 3 nêdya golèk pêpulih; kc. panas. II kw. ak. ngêmis.
manasija: (S) kw. ak. trêsna, katrêsnan, sêngsêm.
manasika: (S) kw. roh, kaalusan, kabatinan.
manasuka: êngg. pc. 1 sasênênge dhewe; 2 ora kanthi pêksa.
manastapa: kw. susah, sêdhih.
manawa: n. manawi k. 1 yèn; 2 mungguh ing (-aku, -kowe lsp); 3 (bok [x]) bisa uga; 4 pc. yèn ora mêngkono mundhak; mung [x]-[x] (ut. manawa-manawi) pc: isih durung mêsthi.
manawa-silih: êngg. bok manawa.
manawibawa: (S) kw. ak. gumêdhe, kibir, jubriya.
manda: I (ut. [x]-[x], mandan) êngg. ak: rada. II (S) kw: alon, lirih, sathithik; [x]-[x] kn. ak: mung sathithik (rada kadunungan sipat ...).
mandabagya: (S) kw. cilaka.
mandah: (-ane, -neya), mandane êngg. ak: 1 saiba bakal ...; 2 (ut. mandahpuna) êngg. ak. mendahpuna; kc. mendah.

mandaya: I kw. ngreka-reka supaya ...; kc. daya, pandaya. II kw: sêgara.
mandana: kw. mènèhi; kc. dana.
mandang: I (ut. [x]-an) êngg: barêng ... (banjur ...). II [x] gawe êngg. pc: tumandang ing gawe.
mandar: I êngg. ak. malah. II [x]-[x] êngg: muga-muga.
mandara: kw. macak, dandan.
mande: I k. marung; kc. warung. II mandèkakên k. ak: murungake; kc. wurung.
mandean: êngg. bok manawa iya.
mandèkne: (-ya), mandene, mandikne(-ya) êngg: sênadyana ... suprandene; kc. andèkne.
mandene: êngg. mendah iba ...
--- 290 ---
mandêk ~ manêlahi.
mandêk: êngg. kn. lêngganan; kc. pandêk.
mandêng: kn. ngingêtake, nyawang; kc. pandêng.
mandi: I kn. akèh dayane, ampuh (tmr. wisa, tamba, têtêmbungan, donga lsp). II êngg. pc: 1 padha karo, kaya; 2 ditimbang karo.
mandira: kw. wit wringin.
manduk: kw. kêna ing; kc. panduk.
mandul-mandul: kn. obah munggah-mudhun (tmr. susu).
mandum: kn. ngêdum, mbage; mandumi: mènèhi panduman; kc. pandum.
mandung: (ut. mêmandung) k: maling.
mandungi: k. ak. manglingi; kc. pangling.
mandos: k. ak. mandi.
mandose, mandosipun: êngg. k. mandèkne.
mandra: I kw: lunga, lêlungan, lêlana; kc. mendra. II kn. ak: kêluwih-luwih, bangêt. III [x]-[x] kw: lirih, alon.
mandragini, mandrakini: kw: (gupit [x]) gêdhong paturon.
mandraguna: kw. wasis (digdaya) bangêt.
mandrawa: kw. (saking [x]) (saka-) kadohan.
manja: êngg. kn. gawe tanjan (panjan); kc. panja.
manjang: ut. mêmanjang kn. ak. ura-ura, maca karo ura-ura.
manjangakên: k. ndawakake; kc. dawa.
manjat: kn. 1 munggah (tmr. dalan); 2 êngg. munggah (ing gunung lsp); kc. panjat.
manjêl: êngg. kn. maju; kc. anjêl.
manjêr: I kn. 1 wis nglayang ing awang-awang (tmr. layangan); 2 dumunung ing têngah bênêr (tmr. srêngenge); 3 ngêdêgake (masang) gêndera lsp; kc. panjêr. II kn: dhuwit minangka pikukuhing wong têtuku; manjêri: mènèhi manjêr;[6] kc. panjêr.
manjing: 1 kw. mlêbu, lumêbu; 2 êngg. bêburuh; 3 wis mlêbu (ora kêna dicopot; 4 wis klêbu dadi ...; 5 ngrasuk ing (agama); 6 pc. sumurup dadi ...; kc. anjing, panjing.
munjung-munjung: kn. ak. têtumpukan dhuwur.

manjur: I kw. ngênêr maju, mêncongol; kc. anjur. II êngg. pc: mandi (tmr. tamba).
manjurung: kn. ak. nyumbang; kc. jurung, panjurung.
manjut: êngg. banjur, nuli.
mandha: kw. sêdhih; kc. mondhah.
mandhah: êngg. kn. ngalih sawêtara mangsa mênyang ing; di-[x]-ake: diêlih ana ing liya panggonan sawêtara mangsa; kc. kumandhah.
mandhak: êngg. kn. malah, mandar.
mandhakaki: kn. ar. kêmbang.
mandhakiya: kw. (bale [x]) omah dianggo nênêpi (mêmuja).
mandhala: kw. 1 kubêng, buwêngan, wêwêngkon; 2 patapan, pasraman; 3 tlatah.
mandhalika: kw. 1 tanah gadhuhan; 2 ar. têtuwuhan.
mandhap: 1 k. mêdhun, mudhun; 2 ki. ak. mulih; kc. andhap.
mandhapa: (S) kw. pandhapa.
mandhasiya: kn. ar. wuku kang kaping l4.
mandhe: kn. nggêmblèng wêsi, dadi pandhe; kc. pandhe.
mandhegani: kw. mangarêpi, dadi pangarêp (lêlurah); kc. pandhega.
mandhèng: I êngg. kn. wis rada suda (tmr. lêlara lsp); kc. adhèng. II êngg. kn: pêngaron (grabah, têmbaga).
mandhêg: n. kèndêl k. lèrèn mari mlaku (-obah lsp); kc. andhêg.
mandhêg-mayong: pc. 1 mlaku ora têrus (tansah mampir-mampir); 2 gojag-gajêg, rangu-rangu.
mandhêg-mangu: kn. gojag-gajêg, rangu-rangu.
mandhêg-tumolih: kn. gojag-gajég dening kuwatir (sumêlang).
mandhêm: kw. mbandhêm; kc. pandhêm.
mandhês: kn. nyukur lsp. nganti pandhês; kc. pandhês.
mandhi: kn. nggawa (gada lsp) dipanggul; kc. pandhi.
mandhing: (-i) êngg. ak. nandhingi, madhani; kc. pandhing.
mandhirèng: (-pribadi) kw. madêg dhewe.
mandhiri: kw. madêg; kc. dhiri.
mandhita: kw. dadi pandhita.
mandhuka: (S) kw. kodhok.
mandhukake: êngg. ngurupake, nglirokake tanpa tambahan; kc. pandhuk.
mandhung: kn. 1 tandhon; 2 êngg. sawah ênggone babad dhewe; 3 êngg. wong kang mung duwe pomahan (ing padesan); 4 (ut. mandhungan êngg); mung wajib nyambut gawe ing padesan; kc. andhung.
mandhung-mandhung: êngg. kn. tumpuk-tumpuk.
mandho: kn. ngathungake tangane loro mêgar (kaya patrape wong ngêmis, nênampani arêp njaluk).
mandhok: kn. 1 manggon ut. dêdunung ing; 2 ([x] atine) êngg. pc. ora lêga atine; kc. andhok, dhok.
mandhor: kn. 1 lêlurah (pangarêp) ing kuli nyambut gawe, jongos hotèl lsp; 2 wong kang tunggu pasanggrahan, padusan lsp.
mandhoran: êngg. sumbangan.

manèh: n. malih k. 1 mbalèni (nglakoni, muwuhi, ngambali lsp) kaya kang uwis; 2 ([x] ..., yèn ...) aja sing, up. kowe [x] yèn bisaa, lah wong kakangmu ora bisa.
manèk: I êngg. mènèk; kc. panèk. II kêna ing [x] êngg: kêna ing walat.
manèkake: n. murunakên k. agawe wani; kc. wani.
maneka-neka, maneka-warna: kw. warna-warna, rupa-rupa; kc. neka.
manèni: I n. muruni k. ak. wani karo; kc. wani. II êngg: ngênèni; kc. panèn.
manèngan si: êngg. mulane mêsthi, mêsthi bae.
manêdya: kw. ngarah, njarag; kc. sêdya.
manèh: kw. batur.
manèhta: kw. ingkang abdi (kawula).
manêkung: kw. mêmpêng ênggone muja-sêmèdi (nênuwun); kc. sêkung.
manêlahi: kw. madhangi, nyunari; kc. têlah.
--- 291 ---
manêngah ~ mantri.
manêngah: kn. mênyang ing têngah.
manêngên: kn. mênyang ing têngên.
manêt: kn. padhêt bangêt; kc. ênêt.
manhab: kn. madhab.
mani: I (S) kw. intên. II kn: wijining manungsa kang saka wong lanang. III mêmani n. mêmurun k. nggêgasah supaya wani.
manidikara: kw. nyêmbahyangake, ndongani; kc. sidikara.
manih: kw. manèh.
manik: 1 kw. intên, sêsotya; 2 kn. têlênging mata kang têngah; 3 êngg. kalamênjing (ing gulu).
manikêm: kw. kc. mani, manik.
manikya: (S) kw. mirah.
manila: (S) kw. intên biru.
maning: êngg. manèh.
manira: kw. aku (dhêdhuwuran marang sosoran).
manis: kn. 1 êngg. lêgi; 2 êngg. Lêgi (dina pasaran); 3 bêcik ut. ngrêsêpake (tmr. rupa, wêwujudan lsp); 4 (driji [x], jênthik [x]) driji antarane panêngah karo jênthik; mêmanis: 1 apa-apa kang manis (têtêmbungan lsp); 2 pc. rêruba, bêsêl; di-(me-) [x](-i): 1 ditamani têmbung manis; 2 digawe manis; [x]-an: wowohan kang dicêncêm ing gula.
manis-jangan: kn. ar. wit klikane rasane lêgi.
manub: kw. nrajang, nyêrang; kc. tub.
manubawa: kw. manobawa.
manuja: (S) kw. ak. manungsa.
manuju: kw. nuju, ngênêr; kc. tuju.
manuh: kn. 1 êngg. ak. têpung ut. kulina karo; 2 wis kulina nindakake, kêbanjur njatuh; [x]-ake: nêpungake karo; kc. wanuh.
manuhara: kw. kc. manohara.

manuk: n. pêksi k. bngs. kewan iwèn; dijuju kaya [x] pc: diuja pangane; mêcêl [x] mibêr pc: agahan (apa-apa kêduga); saur [x] pr: mangsuli bêbarêngan (nayogyani); di(me-)[x]-i êngg. ak: diulat-ulatake saka kadohan, diawat-awati; [x]-an: 1 (ut. [x]-[x]-an) têtironing manuk; 2 sindik nyongat ing pasangan (sapi).
manukara: kw. miturut, manut, nulad.
manukma, manuksma: kw. nitis, manjalma, manjing ing; kc. sukma.
manungsa: kn. titah kang kadunungan sukma lan budi.
manus, manusa, manusya, manuswa: kw. manungsa.
manusapada, manusaloka: kw. jagat, donya.
manusmara: kw. nyipta, muja.
manut: kn. 1 nurut, miturut; 2 ora bangga, ora ndaga; kc. tut.
manobawa: (S) kw. 1 ak. trêsna, sêngsêm, sih; 2 ngaton; 3 ngatonake sênênge, nayogyani.
manojawa: (S) kw. bantêr bangêt (bablas).
manohara: (S) kw. 1 endah, nêngsêmake; 2 mêmalad sih, ngarih-arih.
manol: (-an) êngg. kn. kuli, buruh.
manon, Hyang Manon: kang mahawikan (Gusti Allah); [x]-i ak. nyipati dhewe; kc. ton.
manonbawa: kw. sêdhih, susah; kc. manobawa.
manongan: kn. wong kang tanpa padunungan.
manpangat: kn. ak. piguna marang kaslamêtaning badan lsp; kc. munpangat.
manrang: I kw. nyêrang, nrajang; kc. sêrang. II kw: nêrang, kc. têrang.
(mantah) ([x]-) [x]-ane êngg. pc. ayake bae ...
mantah-ewuh: êngg. pc. bisa uga ...
mantak: (mantêk) aji kn. ngucapake aji; kc. matêk, watak, watêk.
mantang: (-i) êngg. pc. nglarangi (mangan lsp); kc. pantang.
mantar: kn. ak. mèntèr.
mantari: êngg. kn. babag, mèh padha; kc. antar, pantaran.
mantat: êngg. ks. nyanggama; kc. pantat.
mantega: kn. ak. mêrtega.
mantèk: kn. nganjingake pantèk; kc. pantèk.
mantèn: êngg. pc. pangantèn.
mantêl: (W) pc. bngs. klambi dawa dianggo tadhah udan.
mantên: I k. mana, mene, mono. II êngg: tilasan, pocotan; kc. mari.
mantêp: kn. 1 kukuh lan sêtya marang pasuwitan (panêmu lsp); 2 wis têtêp têmênan; kc. antêp.
mantês: ut. mêmantês kn. ak. agawe pantês; sarwa [x]-i: sarwa bêcik (pantês); kc. pantês.
mantiyanta: kw. bangêt, kêluwih-luwih.
manting: kn. 1 êngg. nggêblègake wasuhan ing watu lsp; 2 ([x] salira) br. mêsu badan, mati-raga: kc. wanting.
mantu: I kn. 1 (anak [x]) bojoning anak; 2 (ut. mêmantu) duwe gawe ngomah-omahake anake, (ut. ngomah-omahake anake wadon);

dimantokake: diomah-omahake. II bah [x] êngg. pc: panyêbut marang Cina pranakan kang isih ênom (sarta dadi lêlurahe).
mantuk: k. mulih; kc. ulih, antuk.
mantun: k. mari.
mantuni: êngg. k. manèni; kc. wani, wantun.
mantog: kn. ak. têkan ing, anjog ing; kc. pantog.
mantol: (W) kn. bngs. klambi dawa dianggo tadhah udan (ut. angêt-angêt).
manton: kn. duwe gawe mantu.
mantoni: kn. ak. nêsêli, muwuhi; kc: wantu.
mantos: êngg. k. mangsa! (pamaido).
mantos-mantos: k. ak. manti-manti; kc. wanti.
mantra: I kn. donga, têtêmbungan dianggo njapani lsp; dimantrani: dijapani, didongani. II [x]-[x] kw. sumamar, ora cêtha; ora [x]-[x]: ora mèmpêr karo.
mantri: (S). 1 kw. ak. juru rêmbug, nayaka; 2 kn. ar. pangkat ing kraton; 3
--- 292 ---
sêsêbutaning priyayi Nêgara kang pagaweane warna-warna, up. [x] guru, [x] cacar, [x] cêngkal lsp.
mantri-alas ~ manyura.
mantri-alas: (-blandhong): ar. punggawa Nêgara kang pinatah ngawat-awati alas pajatèn.
mantri anom: kn. ak. priyayi ing kraton.
mantri jêro: (n. -lêbêt k): ar. prajurit ing kraton (Ngayogya).
mantri dhudhuk: kn. 1 ak. priyayi kang pinatah cacah-jiwa lsp; 2 pc. maling.
mantri gudhang: kn. panggêdhening gudhang kopi lsp.
mantri kabupatèn: kn. juru tulis nomêr siji ing kabupatèn.
mantri kawêdanan: kn. juru tulis nomêr siji ing kawêdanan.
mantri kewan: kn. priyayi Nêgara kang pinatah mriksa lan ngawat-awati kasarasaning raja-kaya.
mantri kit: (-candu) kn. priyayi kang ngurus panjuwalan candu.
mantri lanbau: (-tani) kn. priyayi Nêgara babagan têtanèn.
mantri lumbung: kn. priyayi Nêgara kang ditanggênah ngurus lumbung desa.
mantri-muka: (-mukya, -wisesa) kw. patih.
mantri ukur: (-cêngkal) kn. priyayi Nêgara kang ngukur palêmahan.
mantri pulisi: êngg. punggawa kang mriksa bab omah (manut tatanan nanggulang lêlara pès).
mantrus: (W) kn. punggawa prau (kapal).
mantrol: pc. mantol.
mantyanta: kw. bangêt, kêluwih-luwih.
manca: kn. (wong [x], tanah [x], nêgara [x]) wêwêngkon ing liya nêgara.
mancad: kn. napakake sikil dipênêtake ing (arêp mènèk lsp); kc. pancad.

mancahi: kn. 1 nacad; maoni; 2 madoni, mêrangi, ora miturut; kc. pancah, wancah.
mancak: I êngg. kn. 1 nampani, nadhahi (apa-apa kang diuncalake); 2 golèk walang lsp; kc. pancak. II kn. ak: nglakèni (tmr. kewan).
mancakaki: êngg. kn. wong-wong kang tuwa (ing padesan).
mancal: kn. 1 nyodhokake sikile (sarta nggênjot); 2 mangkat lêlayaran (tmr. prau); 3 ak. mêgat kang lanang (srana pamancal); kc. pancal.
mancal donya: kn. mati.
mancala-putra, mancala-putri: kw. bisa malih dadi apa-apa.
mancal-kêmul: kn. (diênggo [x]) pangan saanane ing wayah sore.
mancana: kw. nggodha, ngridhu; kc. bancana, bêncana.
manca-nêgara: kn. 1 ak. tanah-tanah sajabaning tanah Kêjawan; 2 nêgara-nêgara manca.
manca-udrasa: (-rawat) kw. nangis.
manca-pat: -lima (n. -sêkawan k, gangsal k. ak); tangga desa kang ngubêngi.
mancas: kn. ngêthok pang lsp. mayat; [x]-i: mutusi; kc. pancas.
mancawara: kw. nggunani (mênggawe lsp) sarana mantra; kc. pancawara.
mancawarna: kn. warna-warna.
mancèni: I kn. ak. mancahi, nacad, maoni; kc. wanci. II kn: mènèhi (nêtêpake) pêpancène; kc. panci, pancèn.
mancêb: pc. tumancêb.
mancêd: kn. ak. nêtêpake rêgane (ora kêna kurang); kc. pancêd.
mancêr: kn. ak. mandêng ora kêdhèp; kc. pancer.
manci: I kn. ak. nêtêpake (mènèhi) pêpancèn; kc. panci, pancèn. II êngg. pc. panci (ar. wadhah).
mancik: kn. 1 anc ik-ancik ing; 2 têkan ing; 3 wiwit, miwiti; kc. ancik, pancik.
mancing: kn. misaya iwak nganggo pancing; kc. pancing.
manclap: êngg. kn. sumurup (tmr. srêngenge).
manclas: êngg. kn. mancas; kc. pancas, panclas.
mancud: (-an), mancut(-an) kn. awangun lancip, nyongat munggah.
mancuh: êngg. kn. munggah tmr. banyu.
mancung: kn. buntêl (tlakupan) ing manggar; [x]-an êngg. adu [x]: padoning ikêt gathuk ing bathuk (caraning ikêt-ikêtan).
mancur: kn. 1 mili mêngisor; 2 br. sumorot (tmr. cahya); kc. pancur, cur.
manco: I êngg. kn. mancahi;kc. panco. II êngg. kn. ar. panganan.
mancrut: (-mancrut) êngg. kn. wutah mancur mrana-mrana.
mantha garwa: kw. ngêpèk bojo.
mantha-mantha: kn. ak. merang-merang gêgolongan; kc. pantha.
manthal-manthal, manthalan: pc. susune katon (ora kêmbênan).
manthang: I êngg. kn. bngs. kêtela. II manthang-manthang kn. katon abuh sarta abang (tmr. wudun lsp); manthang-manthangên pc: nêpsu bangêt.

manthêng: êngg. kn. 1 narik kêncêng (tmr. bolah, tali lsp); 2 mêmpêng bangêt panuwune lsp; kc. panthêng.
manthêr: kn. 1 saèm. mancur; 2 sumorot (tmr. cahya).
manthuk: kn. ndhungklukake êndhase; kc. anthuk.
manthur: kn. saèm. mancur, manthêr.
manyak: (-i) pc. miwiti, ngayati.
manyak-manyak: kn. ak. nyak-nyakan ora tata; kc. mênyak.
manyar: kn. ar. manuk.
manyêr, manyur: êngg. kn. ngadêg nganyur.
manyuk: pc. têka sadhela, nyangklêg.
manyul: kn. nonong mêngarêp (tmr. bathuk).
manyung: kn. ar. iwak sêgara.
manyura: 1 kw. mêrak; 2 kn. ar. pathêting gêndhing.
--- 293 ---
mang ~ mangkara-kara.
mang: I pc. wc. samang, up. [x] pangan: ko-pangan. II êngg: mau.
manga: êngg. kn. mangap.
mangada-ada: kw. njêgrag (tmr. idêp).
mangah-mangah: kn. katon abang bangêt (tmr. rai lsp).
mangaksi: kw. ndêlêng, nonton; kc. aksi.
mangan: n. nêdha k. dhahar k. 1 migunakakake pangan; 2 ent. nganggo, migunakakake, butuh nganggo, ngêntèkake; 3 uripe saka, up. mung [x] anakan: 4 pc. nampa ut. nglêbokake (piwulang lsp); [x]-i: 1 ak. mènèhi pangan; 2 tansah mangan, sênêng (royal) mangan; [x]-an êngg: slamêtan ana ing kuburan lsp; kc. pangan.
mangan-nginum: (-ngombe) pc. enak-enakan mangan karo ngombe.
mangan-turu: pc. enak-enakan mung mangan karo turu bae.
mangang: I kw. mênga amba, mangap amba. II kn. rada wêgah (êmêng), angèl panyêkêle (marga kêgêdhèn lsp).
mangap: kn. 1 ngêngakakake cangkêm; 2 pc. ks. clathu, gunêman; 3 mênga amba; kc. angap.
mangar-mangar: kn. katon abang raine (marga pêpanas lsp).
mangarêp: n. mangajêng k. mênyang ingarêp.
mangarsa: kw. mangarêp.
mangarsa-arsa: kw. ngarêp-arêp.
mangas: êngg. kn. drêmba, murka.
mangastawa, mangastuti: kw. mêmuji, ngalêmbana, nêmbah.
mangastungkara: kw. nayogyani, mêmuji.
mangde: kw. ak. agawe, njalari, marakake.
mangèksi: kw. ndêlêng, nonton; kc. èksi.
mangèl: kw. ak. sayah, kêsêl.
mangeran: kn. nganggêp pangeran marang (ngabdi, mêmuji); kc. pangeran.
mangèstupada: kw. ngabêkti, sujud.
mangèstoni: kn. ak. ndongakake, mènèhi bêrkah; kc. pangèstu.
mangèsthi: kw. mêndêng (njangka) marang, kêpengin bangêt; kc. èsthi.

mangêb: kw. ak. ngaub, ngeyub.
mangêni: kn. matêsi wangêne; kc. wangên.
mangêrti: n. mangêrtos k. pc. wis nyakup marang surasaning piwulang (têtêmbungan lsp); kc. ngêrti.
mangêt-mangêt: kn. rada panas; kc. angêt.
mangga: I kw. gêlêm. II k. ayo; 2 ênya, mara. III kn. ak: têgêl(-an). IV ut. manggaa êngg: mênawa, samangsa. V êngg. ak: pêlêm. VI pc: kêmangga.
manggahi: kn. ak. ngukuhi, nggêgêgi; kc. panggah.
manggal: kn. ak. mbalang, mbandhêm; kc. banggal, panggal.
manggala: (S) kw. 1 ak. bêgja, kabêgjan, bêrkah; 2 ak. bêbukaning pujian (sêmbahyangan); 3 ([x]-ning prang) pangarêp, senapati; manggalani kw: mêngarêpi prang.
manggalih: ki. mikir; kc. panggalih.
manggalya: (S) kw. wêwêcan (sasmita) mahanani kabêgjan.
mangga-manggu, mangga-mara: êngg. kn. gojag-gajêg.
manggan: êngg. kn. têgêlan; kc. mangga.
manggang: kn. nggarang; kc. panggang.
mangga puliha: kw. (tan [x]) (ora) bisa mênang.
manggar: kn. kêmbang krambil.
mangga sapira: (-pira) ak. ora sapiraa.
mangga sesa: (-sisa) kn. ak. cuwa, gêla.
manggèn: k. manggon.
manggêng: kn. ak. lêstari, ajêg; kc. panggêng.
manggih: (-i) k. nêmu, nêmoni; kc. têmu.
manggis: kn. ar. wit sarta wohe.
manggistha: kw. manggis.
manggya: kw. nêmu; kc. manggih.
mangguh: kw. nêmu; kc. manggih.
mangguha, mangguh anua, mangganua: êngg. samungguha ...
manggul: I kn. nggawa katumpangake ing pundhak (cêngêl); kc. panggul. II kn: ar. jênang.
manggulan: êngg. kn. midadarèni.
manggu-manggu: kn. ak. gojag-gajêg.
manggung: I kn. 1 ak. tansah ora kêndhat; 2 tansah ngêtokake swara (tmr. pêrkutut). II ([x] kêtanggung) kn. bngs. bêdhaya kang ndhèrèkake panjênênganing ratu yèn miyos siniwaka.
manggut: (-manggut) êngg. kn. manthuk(-manthuk).
manggok: pc. mandhok.
manggoki: pc. mrêgoki; kc. panggok.
manggon: n. manggèn k. 1 dêdunung ana ing; 2 wis manjing ora bisa mari (tmr. lêlara, kamanuhan lsp); 3 pc. krasan; 4 pc: wis mathuk, wis cocog karo watake; kc. ênggon, panggonan.
manggrahi: êngg. pc. tansah nyulayani rêmbug.
manggrok: pc. mandhêg, manggon sawatara mangsa.
manggrong-manggrong: êngg. magrong-magrong.

mangka: I kn. têtêmbungan pangikêt nêrangake surasane kosok balèn. II kw. kang dadi, kang dianggêp dadi; kc. minangka.
mangkadi: kw. tur, lan uga; kc. makadi.
mangkah-mangkah: kn. katon gêdhe kêbak banyu susu (tmr. susu).
mangkak: I kn. sêmu rêgêd (warna putih kêcampuran irêng). II êngg. kn. atos (tmr. abuh); kc. bangkak.
mangkakna, mangkakne, mangkaknè, mangkaknea, mangkane: êngg. mangka.
mangkali: kn. ora nggugu, ndaga, madoni; kc. wangkal, pangkal.
mangkana: n. makatên k. kaya kae; kc. mangkene, mangkono.
mangkara: kw. urang.
mangkarabyuha: kw. ar. gêlaring bêris.[7]
mangkara-kara: kw. murub mubyar.
--- 294 ---
mangkas ~ mangsatara.
mangkas: I kw. cukat; kc. akas. II mangkas-(mangkas) kw: kumudu-kudu arêp gunêman.
mangkat: kn. têdhak ki. budhal lêlungan; kc. angkat, pangkat.
mangke: k. mêngko.
mangkene: n. makatên k. kaya iki.
mangkidi: êngg. ak. matêsi; kc. wangkid.
mangkil: kn. migunakake wangkil; kc. wangkil.
mangking: I êngg. k. mêngko. II ki. nyêngkêlit; kc. wangking.
mangkir: I êngg. kn. cangkir. II (W) kn. 1 ora têka nalikane diapèl; 2 ora mlêbu nyambut gawe lsp; 3 êngg. mlincur; 4 lunga (minggat) saka ing tangsi (tmr. saradhadhu); 5 êngg. wêla (ora nicil).
mangkis: kn. ngêncêngake wlulang kêndhang lsp; kc. wangkis.
mangku: kn. 1 nyèlèhake ing pangkon; 2 ent. ngadhêpake; 3 ngajangi duwe gawe lsp; kc. pangku.
mangkud: kn. ak. ngangkud; kc. angkud.
mangkul: êngg. kn. ngrangkul, manggul; kc. pangkul.
mangkok: kn. saèm. pinggan nanging luwih cilik.
mangkono: n. makatên k. kaya iku(-kae).
mangkoti: kn. ak. wangkot marang; kc. wangkot.
mangkrag: êngg. kn. mogok (êmoh nyambut gawe).
mangkrak: kw. mbêngok (muring bangêt); kc. makrak.
mangkring: kn. 1 mencok ing pang lsp. (kang dhuwur); 2 pc. ngundhakake rêga; kc. pangkring, plangkring.
mangkruk: (-mangkruk) kn. linggih (thêthênguk) ana ing papan kang dhuwur.
mangkrong: (-mangkrong) pc. mangkruk-mangkruk.
manglah: kw. ngêsah, sêsambat.
manglar: kn. wis duwe lar (tmr. gangsir lsp: kc. lar.
manglèng: kw. ngêlèng; kc. êlèng.
manglêr: kn. ak. anglêr.
mangli: kn. ar. têbu.
manglih: I êngg. ak. malih. II k. ak. mangro. III kw. ngêlih.

mangling: kw. clathu, gunêman; kc. angling, ling.
manglingi: kn. njalari pangling; kc. pangling.
mangluh, mangloh: êngg. kn. nutuh (ngundhat-undhat); kc. pangluh.
manglung: kn. tumungkul (tumêlung) mêngarêp; [x] gulu br. nungkul (têluk); kc. anglung.
manglong-manglong: kn. ungak-ungak manglung.
mangmang: êngg. kn. rada samar, tidha-tidha.
mangu-mangu: kn. 1 gojag-gajêg, mangga-mara; 2 rada bingung pikire.
manguyu: kw. bngs. cantrik.
manguk: (-manguk) kn. ak. ngungak, ungak-ungak; kc. anguk.
mangul: kn. ak. mongol; kc. pangul.
mangulah: kw. nindakake, ngêcakake; kc. ulah.
mangulun: kw. ngabdi, ngawula; kc. ulun.
mangun: kn. 1 mujudake (nyithak lsp) supaya wangun; 2 agawe (nêgara lsp); 3 awujud; kc. wangun, bangun.
mangunah: (A) kn. ak. duwe kaluwihan bisa nggayuh marga saka imane.
mangunêng: kw. kêsêngsêm, sêdhih; kc. onêng.
mangun-kung: kw. sêdhih dening kêsêngsêm.
manguntur: kn. ak. bangsal ana gilange palênggahan.
mangungkang: kw. ngungkang ing.
mangungkung: kw. kc. mangun-kung.
manguri: I êngg. ak. masahi untu; kc. pangur. II kw. mêdharake wadi lsp; kc. kuwanguran.
mangut: kn. ar. iwak loh.
mangohan: kw. gêro-gêro (sêsambat).
mangot: kn. 1 namakake pangot; 2 awangun kaya pangot; kc. pangot.
mangrèh: kw. ngêrèh; kc. rèh, pangrèh.
mangro: kn. 1 cawang loro, ngênêr rong panggonan; 2 ak. ngrangkêp; 3 pc. saêlèng isi loro (tmr. lèng gangsir lsp); [x] atine (-karêpe) pc: gojag-gajêg dening kêpêksa milih rong prakara; [x] tingal: panêmu rong prakara kang kosok balèn diantêpi kabèh; kc. ro.
mangsa: I kn. 1 wêktu; 2 wêktu nêdhêng ..., ungsum; 3 molah-malihing hawa lsp. ing taun, up. [x] rêndhêng; 4 saèm. sasi miturut pranata mangsa (umure ora kaya sasi lumrah) dene arane: kasa (kartika), karo (pusa), katêlu (manggasri), kapat (sitra), kalima (manggakala), kanêm (naya), kapitu (palguna), kawolu (wisaka), kasanga (jita), kasapuluh (srawana), dhêstha (padrawana), saddha (asuji); kc. mangsan, samangsa. II kn: 1 (... + sambawa) mokal yèn ... up. [x] gêlêma têka; 2 (gèk [x]) pc. ah mokal (nelakake pamaido). III kn: mangan (tmr. kewan galak, buta); kc. (mê)mangsan.
mangsabaksa: kw. ak. mangan daging.
mangsa bodhoa: n. (-borong k); (kowe mokal yèn bodhoa) dakpasrahake marang kowe.
mangsah: I kw. 1 maju pêrang; 2 mungsuh; kc. angsah. II kn. (ora-) (ora-) bisa tumama, ora pasah.

mangsak: kn. olah-olah, gawe obat lsp; kc. masak.
mangsa-silih: êngg. mokal yèn ...; kc. mangsa.
mangsan: I kn. ungsum-ungsuman, anane miturut mangsa; kc. mangsa. II ut. mêmangsan kn. apa-apa kang (bakal) dimangsa ing kewan galak (buta); kc. mangsa.
mangsane: êngg. pc. samangsa, mênawa.
mangsatara: kn. ak. mangsa ora ana udan ing sajroning mangsa rêndhêng; kc. taramangsa.
--- 295 ---
mangsêg ~ marang.
mangsêg: kn. 1 wis krasa warêg bangêt; 2 mangsa wowohan lsp. sabakdane mangan sêga; 3 (ut. [x]-an) ak. wowohan lsp. kang dipangan sabakdane mangan sêga; kc. angsêg.
mangsèn: kn. wadhah mangsi.
mangsi: I êngg. k. mangsa (mokal yèn ...). II kn: barang cuwèr mawa warna irêng lsp. dianggo nulis; di-[x] pc. ditulis lsp. nganggo mangsi.
mangsil: êngg. kn. ikalan lawe ing kisi.
mangsit: (-i) kn. 1 ak. akon (wêling) marang; 2 ngandhani sarana bêbisik kc. wangsit.
mangslup: kn. mlêbu ing (bolongan lsp); kc. angslup.
mangsud: kn. ak; maksud.
mangsuh: kw. maju pêrang; kc. mangsah.
mangsuk: kw. 1 mlêbu; 2 pc. mlêbu ing agama lsp; 3 pc. cocog bangêt (tmr. panganggo karo sing nganggo); [x]-[x] êngg. pc: tontonan ing karamean (sulapan, wayang wong lsp).
mangsuk-angin: kn. lara marga kadhêmên.
mangsul: k. ak. malik; kc. walik.
mangsuli: I k. mbalèni; kc. bali. II kn. njawab gunêming liyan, mbalêsi; kc. wangsul(-an).
mangsur: kn. mancur (mili) bantêr tmr. bêbanyu); kc. sur.
mangwa: kn. ak. mawa.
mangwang: êngg. kn. nganggo nyawang marang; kc. wangwang.
mau: n. wau k. 1 mêntas bae, waktu kang kêpungkur durung suwe (kang lagi mêntas kêlakon); 2 kang mêntas disêbutake; [x] awan ([x] bêngi, [x] esuk, [x] sore): awan (bêngi, esuk, sore) kang mêntas kêlakon; [x]-[x]-ne pc: kang dhisik (ing sadurunge kêlakon).
maujud: kn. mawa wujud, bisa katon.
maugi, mauki: êngg: mbêngoki, nyêluk; kc. paug.
maulana, maolana: (A) kn. sêsêbutaning para ahli agama Islam kang pinunjul.
maulud: (A) kn. riyaya (slawatan) ing dina wiyosane K.N. Muhamad; kc. mulud.
maut, maot: (A) kn. ak. mati.
maonah: kn. ak. mangunah.
maoni: kn. nacad, mancahi; kc. waon.
maos: I k. maca; kc. waca, waos. II ki. ak: nyakot; kc. waos, untu. III k. ak: numbak; kc. tumbak, waos. IV êngg. k: maja.

maosi: k. majêgi; kc. pajêg, paos, majêgan.
Maospait: k. ak. Majapait.
maot: (A) kn. ak. mati.
mapa: kw. apa.
mapag: (-ake) kn. mêthuk(-ake); [x]-an: pangadhangan; kc. papag.
mapag tanggal: kn. ak. nggarap-sari (pambêngan).
mapah: kn. ndhêlik (mencok) ing papah; [x] gêdhang: kaya papah gêdhang; kc. papah.
mapak: kn. 1 (ut. [x]-i) ngêthok lsp. supaya papak; 2 katon racak (tmr. tanduran ing sawah, têgal); [x]-i: madhani, padha karo; kc. papak.
mapal: kn. 1 ngêthoki dicêndhakake; 2 êngg. ks. mangan; kc. papal.
mapali: êngg. ak. ndaga, mbangkang; kc. papal.
mapan: I kn. 1 milih (golèk, olèh) papan, tata-tata arêp manggon (linggih, turu lsp); 2 tata-tata nêdya nanggulang mungsuh lsp; 3 manggon ing papan kang prayoga; 4 ent. maton bangêt (tmr. wangsulan, rêmbugan), pakolèh bangêt (tmr. panggonan lsp; kc. papan. II kw: 1 jêr, awit; 2 nanging; kc. apan.
mapar: (-i) kn. ngrata, mapak; kc. papar.
mapas: kn. 1 ak. ngêthok pucuke lsp; 2 nyugag rêmbug lsp; kc. panas.
mapat: I n. nyêkawan k. siji-sijine papat. II kn. ak: mati; kc. wapat.
mapatih: kw. patih.
maphum: (A) êngg. ngêrti.
maputêran: kw. mubêng-mubêng; kc. putêr.
maprah: êngg. kn. kaprah, ngêndi-êndi ana; [x]-[x] pc. akèh bangêt dagangane.
mapras: kn. ngêthok pucuke (wit lsp); kc. papras.
maprung: kn. ak. mamprung.
mar: kn. cape, tanpa daya, rasa kaya gringgingên; kc. êmar.
mara: I kn. têka nyêdhaki; kc. marani. II êngg. ak: coba ta! III kn: merang, mbage; kc. para. IV êngg. kn: muwara. V kw: aku, -ku. VI (S) kw. ak: pati, mati.
mara awak: n. (-bau k), mara bau kn. rewang ut. têka nyambut gawe mung awak thok (tanpa piranti, pasumbang lsp).
marab-marab: kw. murub mubyar.
marabi: 1 êngg. njênêngi pêparab; 2 kw. ngarani, njênêngi; kc. parab.
mara-dagang: kn. dêdagangan ana ing.
mara-desa: n. mara-dhusun k. mênyang ing padesan.
mara dina: êngg. sabên dina dibage (olèh-olèhane dêrêp).
mara-jêlèh: êngg. jêlèh, bosên.
mara-dhayoh: n. mara-tamu k. têka tilik lsp.
marag: kn. ak. nrajang; kc. parag.
marah: I ut. [x]-i êngg. ak: 1 ngandhani, nuturi; 2 mulang; 3 êngg. ngandhani (ngulêmi, ngundang); kc. warah. II kw: nyigar; kc. parah.
marahi: pc. njalari.
marah-muruk: êngg. ak. muruki, mulang, nuturi.
marak: I kw. seba ngadhêp; kc. parak. II kw: mêrak (ar. manuk).

marakake: n. murugakên k. 1 ak. ngêtêrake (nggawa mara); 2 njalari, nyêbabake; kc. paran.
marakarma: kw. kasangsaran, kacilakan. marakata kw. 1 jumêrud; 2 mirah.
marakèh: kn. ar. wuku kang kaping 18.
marana: kw. pati, mati, lêlara.
marani: n. murugi k. nêdhaki ki. mara ing, nêkani; kc. paran, mara.
marang: I n. dhatêng k. 1 tumuju (ngênêr) ing; 2 mungguh (tumrap) ing; 3 ing, dening (ing ukara tanggap); kc. mênyang.
--- 296 ---
II kn: namakake parang; kc. parang.
marangi ~ marna.
marangi: kn. misani sarana warangan, nggosok kêris lsp. nganggo warangan; kc. warangan.
maras: I êngg. kn. miris, rada wêdi (kuwatir). II kn: kêbuk (ing kewan iwèn).
marasadu: kw. ngapusi, julig.
marasake: n. nyarasakên k. marèkake, nambani, njalari waras; kc. waras.
maraseba: n. marasowan k. seba marang (panjênênganing ratu).
mara sêrêk: êngg. mbosêni, njêlèhi.
marasi: I 1 kw. ngêthok êndhas; 2 ngilangi sêpête (tmr. dêgan); kc. paras. II ki: nyukur; kc. paras.
maracoca: knb. ar. wadêr.
mara-tangan: kn. milarani nganggo tangan (ngantêm, nabok lsp).
maratapa: kn. nglakoni tapa.
maratuwa: n. marasêpuh k. wong tuwane bojo.
marawayan: kw. ndlèwèr, mili, gumantung rawe-rawe.
marbuk: kw. sumêrbak, ngambar.
marbuka: kw. mbukak, mbukani.
mardala: kw. ak. kêndhang, têtêg.
mardawa: (S) kw. 1 lêmês, lêmbut; 2 alus, sarèh, nyênêngake.
mardawa-basa: kw. 1 têmbung (basa) kang ngrêsêpake (alus); 2 ahli basa (ulah kêkarangan).
mardawa-lagu: kw. 1 lêlagon kang ngrêsêpake; 2 ahli têmbang (gêndhing).
mardi: kn. ak. kc. mêrdi.
mardika: I Sang [x] kw. kang kuwasa lan wicaksana. II kn: 1 ora kawêngku lan kaêrèh ing panguwasa liyane (ora kêbawah ora kêprentah); 2 luwar saka ing sêsanggan (pajêg, gugur gunung lsp); 3 ak. patikêlir; kc. pêrdikan.
mardikani: kw. njarwani, nêrangake; kc. pardika.
mardikèngrat: kw. kang nguwasani jagat (kang wicaksana lan kuwasa).
marjan: kn. ak. mêrjan.
marèkake: n. mantunakên k. 1 nglèrènake; 2 nambani supara mari; 3 êngg. ngrampungake; kc. mari.

marèni: n. mantuni k. 1 lèrèn ênggone ...; 2 êngg. mocot, nglèrèhi; kc. mari.
marèng: I kn. (mangsa [x]) mangsa ngarepake mangsa katiga (bakda rêndhêng, Marêt, April, Mei). II kw. ak: marang, mênyang.
marêgake: n. nuwukakên k. njalari warêg, ngingoni lsp. supaya warêg; kc. warêg.
marêk: (-i) êngg. kn. mara, nyêdhak; kc. parêk.
marêm: kn. wis nrima (lêga) atine; kc. arêm.
marêngi: I kn. ak. mbênêri, pinuju ...; kc. parêng, barêng. II kn: nglilani, ngidini; kc. parêng.
marêngake: kn. nglilani; kc. parêng.
marêp: n. majêng k. madhêp; kc. arêp.
marês: (W) kn. rikat (tmr. baris), ora antal (tmr. lagu musik).
Marêt: (W) kn. ar. sasi kang katêlu.
marga: I kw. 1 dalan; 2 ent. dêdalan, srana. II [x] (-sangka) n. margi (-saking) k: jalaran (sabab) saka; kc. mêrga.
margaina: kn. guwagarba.
margana: (S) kw. panah.
margi: k. marga.
margiyuh: kw. kc. giyuh.
margupe: kw. sayah, kêsêl.
marhaèn: kn. (kaum [x], bangsa [x]) gêgolonganing wong kang ora dêduwèn, panguripane mung pawitan bau (bêburuh).
marhum: (A) kn. `jênate ... (kang wis ajal).
mari: n. mantun k. 1 wis lèrèn ênggone nindakake, up. [x] dadi carik; 2 wis pulih bêcik (ora nindakake ala), up: [x] kurang ajar; 3 êngg. wis rampung, êntèk; 4 waras, pulih kaya kang mau; [x](-[x])mati pc: ora ganti-ganti tansah ... bae; [x]-ne êngg: 1 sawise, sabakdane; 2 [ut. sa-[x](-[x])ne] sawise iku nuli ... banjur ...
maribasakake: ak. nganggo paribasan, numrapake paribasan marang; kc. paribasa.
maribasani: kn. ak. numrapake paribasan.
maridake: ak. mulang marang, mêjang, ngandhani; kc. warid.
marihi: kw. mbanyoni; kc. warih.
marik-marik: êngg. pc. tharik-tharik, larik-larik; kc. morak-marik.
marikêlu: kw. linggih tumungkul urmat bangêt.
marine: (W) kn. babagan kaprajuritan ing sêgara.
marinyu: êngg. kn. bngs. gêbayan (tmr. desa).
maring: êngg. 1 marang, mênyang; 2 lunga mênyang ...
maringi: ki. mènèhi; kc. paring, wènèh.
maris: kn. 1 mbage warisan; 2 olèh warisan; [x]-i: ningali warisan; kc. waris.
marisan: êngg. k. lading.
marisi: êngg. kn. ngirisi krambil; kc. paris.
marit: êngg. angok, surud; kc. morat-marit.
maryada: kw. 1 têtêngêr, kalakuan; 2 rikuh, isin.
markata: kw. jumêrud.

markis: I kn. kuncunging pêndhapa dianggo ngeyubi kang mudhun saka kreta (montor). II ut. markisah kn. ar. woh.
marlêsu, marlupa: kw. kêsêl bangêt. sayah.
marma: I kw. wêlas marang, duwe palimirma; kc. parman. II (ut. [x]-ne) kw: 1 marga saka iku; 2 mulane.
marmêr: kn. bngs. watu gamping kang atos (digawe jobin lsp).
marmi, marmita: (-ne) kw. kc. marma.
marmut, marmot: kn. bngs. tikus gêdhe (warnane putih lsp).
marna: n. marni k. ak. 1 ngêcèt, nyungging; 2 ngrumpaka, nyritakake; marnani
--- 297 ---
ak: 1 warna-warna; 2 (ut. marnakake) mujudi, nganakake; kc. warna.
maru ~ masing-masing.
maru: kn. 1 bojoning bojo (tmr. wong kang wayuh); 2 ent. wong kang padha dene jor-joran (golèk sih lsp).
marud: kn. nisir krambil lsp. nganggo parut; kc. parud.
maruk, marug: êngg. kn. madhuk (tmr. lêmah).
maruki: kn. akèh ênggone mangan (marga mêntas lara lsp); kc. kêmaruk.
marung: I n mande k. dodolan ing warung; kc. warung. II êngg. kn. janggrungan. III ([x] gêni) êngg: ngurubake gêni dianggo ngobong alang-alang lsp. (palêmahan kang arêp digarap).
marus: kw. gêtih.
marusa, marosa: kn. ak. mrusa; kc. prusa.
maruta: (S) kw. angin.
maro: n. malih k. 1 merang (mbage) dadi loro; 2 pamêtune didum wong loro (tmr. nandur pari); kc. paro.
maro-tingal: kn. mangro tingal.
maron: I n. malihan k. (sawah) kang digarap pamêtune diparo; kc. maro, paro. II ut. mêmaron kn. duwe maru, tangkêpe kaya maru. III êngg: pangaron.
marong: (-marong) kn. mêngangah murub.
marsudi: kn. ngudi, nggêgulang supaya bisa; kc. parsudi, mêrsudi.
marsose: (W) kn. bngs. saradhadhu pilihan.
marta: kw. lêmbah manah, sarèh.
martabak: (A) kn. ar. panganan Arab.
martabat: (A) kn. ak. 1 pangkat; 2 pêpangkatan (ing kawruh gaib).
martana: kw. kc. marta.
martani: I n. martèni, martosi k. ak. awèh kabar, ngabari; kc. warta. II kw: njalari lipur; kc. marta.
martèl: êngg. pc. palu.
martuwi: k. ak. tilik; kc. maradhayoh.
martobat: êngg. kn. tobat.
martyaloka, martyapada: (S) kw. alam-donya.
marcapada: kw. alam donya (ing jagat).
marwata suta: kw. (kaya gunung anakan) bungah bangêt.
marwita: kw. mêguru; kc. purohita.

mas: I n. jêne k. ar. logam kang larang rêgane digawe rêrênggan, dhuwit lsp; [x] ênom: mas kang dicampuri logam liyane warnane kuning ênom; [x] ure, [x] pasir: mas kang durung diluluh; [x] tuwa: mas kang akèh murnine; kc. kêmasan, masmasan. II kn: 1 êngg. sêsêbutan marang wong kang isih darah; 2 sêsêbutan marang wong kang duwe pangkat ut. kang apangkat têngahan (ut. [x] ngabèhi, [x] lurah, [x] bêkêl lsp); 3 panyêbut marang mitra lsp. kang rumakêt; [x] ajêng, [x] ayu: sêsêbutane sêlir (ut. bojoning) priyayi kang ora pangkat dhuwur; [x] agus: sêsêbutane anaking priyayi kang dudu radèn; [x] lara, [x] rara: padha karo [x] agus nanging tumrap bocah wadon; [x] mirah kw: kêkasih (têmbung pamiluta).
masa: I (S) kw. petungan waktu suwene 2 sasi; cs. 6. II pc: mangsa (mokal yèn ta); [x] borong pc: mangsa borong.
masah: I kn. nggarap nganggo pasah; kc. pasah. II êngg. kn. wis rumasuk (tmr. wedang tèh lsp). III kw. mungsuh.
masak: I êngg. kn. pawèwèh (opahan) marang tlèdhèk. II êngg. pc. kc. mangsak; [x]-an êngg: racikan kinang.
masakèh: (A) kn. ak. wong pintêr(-utama).
masalah: (A) kn. 1 bab (prakara) kang isih dadi rêmbug; 2 andharan kang nêrangake sawijining bab; 3 mungguh ing bab.
masa'llah: pc. karsa dalêm Gusti Allah (dianggo sabawa nelakake kagèt lsp).
masang: kn. nata, ngêtrapake; kc. pasang.
masang drigama: (-taji) kn. nêdya mialani liyan.
masang sêmu: (-ulat): namakake pasêmoning praèn marang.
masar: n. mêkên k. 1 ak. dodolan mênyang pasar; 2 êngg. têtuku mênyang pasar, nêmpur; kc. pasar.
masarakat: (A) kn. pasrawungan lan bêbrayaning ngaurip.
masbuk, masbok: kn. ak. nrambul mèlu mangan (mêdhayoh lsp) tanpa diundang.
masbun: kn. ak. ati, pangrasaning ati.
masjid: kn. omah dianggo sêmbahyang (Islam).
Masèhi: kn. Kristên.
masèk: kn. ak. urip sacaraning wong kapir; kc. pasèk.
masêk, masêg: êngg. kn. 1 ngênêtake nganti manêt, ngurugi nganggo lêmah banjur diênêt-ênêt; 2 ks. matèni; kc. pasêk.
masêlat: kn. ak. jimat.
masêm: kn. 1 isih rada mêntah (isih kêcut) tmr. wowohan; 2 wis rada lawas nanging isih bêcik (tmr. jarit lsp); kc. asêm.
masêr: kn. namakake (nglêpasake) pasêr; kc. pasêr.
masgul: (A) kn. ak. 1 susah, sêdhih; 2 sêrik, lara atine, ora nrima dening disêrikake.
mashur: (A) kn. ak. misuwur.
masi: I êngg. k. masa (mokal yèn ...); kc. mangsa, mangsi. II êngg: sênadyan.
masih: êngg. pc. isih.
masiya: êngg. sênadyan.

masiyati, masiyatake: ak. ninggal wasiyat; kc. wasiyat.
masik: êngg. k. isih.
masin: I kn. mangan (nucuki) lêmah, wêdhi lsp. (tmr. manuk). II êngg. kn. ngasin, asinan (iwak loh lsp); kc. asin. III (W) kn. ak: mêsin.
masinis: (W) kn. tukang nglakokake mêsin (sêpur, pabrik lsp).
masing-masing: êngg. kn. siji-sijine, dhewe-dhewe.
--- 298 ---
masir ~ matêsi.
masir: kn. 1 kaya wêdhi (tmr. salak lsp); 2 akèh wêdhine; kc. pasir.
masiran: êngg. pc. pasiran.
maskape: (W) kn. 1 pakumpulan dagang (kongsi); 2 êngg. Ned. Handelmij; 3 êngg. N.I.S.
maskawin: êngg. kn. dhuwit minangka tukon marang pangantèn wadon.
maskèntar, maskentir: kw. maskumambang.
maskèt: êngg. kn. trêp bangêt, plêk.
maski: êngg. kn. sênadyan.
maskumambang: kn. ar. têmbang macapat.
maslakat: kn. ak. karahayon.
masmasan: kn. ak. 1 barang-barang mas; 2 mas tiron; 3 bakul dodolan mas intên; kc. kêmasan, mas.
masmu: kw. sêmu, katon kaya.
masmur: (A) kn. ar. kitab suci anggitane Nabi Dawud.
masnis: pc. masinis.
masud: pc. maksud.
masuh: kn. 1 ngumbah (jarit lsp); 2 nggarap-sari; 3 pc. milara, ngujar-ujari lsp; kc. wasuh.
masuk: êngg. pc. mlêbu; kc. mangsuk, manjing.
masung: kw. awèh; kc. asung, sung.
masogi: kn. ngêjogi dagangan; kc. pasog.
masoh: êngg. masuh.
masoki, masokake: kn. mbayarake marang; kc. pasok.
maspadakake: n. maspaosakên k. namatake bangêt; kc. waspada.
masrahi, masrahake: kn. pasrah marang; kc. pasrah.
masra-masru: kn. ak. nêpsu bangêt.
masrik: (A) kn. ak. wetan(-an).
masrut: (sarat [x]) kn. ak. 1 srana, tamba; 2 mêjani (opahan marang dhukun).
mastaka: 1 kw. pucuk, puncak; 2 kw. makutha; 3 kw. êndhas; 3 kn. ak. êndhas-êndhasan (pucuking) mêsjid.
mastar: kn. ak. bngs. garisan.
mastu: (na) kw. dina.
mastuti: kw. ngalêm, nyêmbah.
mat: pc. 1 trêp pangincêngi,[8] pênêr; 2 ngêrti têmênan; 3 enak (kêpenak) bangêt; di-[x]-ake pc: 1 diincêng (dipandêng) têmênan; 2 dirasakake têmênan; kc. nikmat, tamat.

mata: 1 (n. mripat k. tingal ki) pirantining panca-driya kang dianggo ndêlêng; 2 kn. bolongan ing nam-naman (kranjang lsp); 3 kn. undêraning wudun, plêniking dhadhu (dhomino lsp), brênjulaning wiji ing pête, kara lsp, lêkikan ing bathok krambil, intên lsp, ing ali-ali (suwêng lsp); 4 êngg. soca ing kayu; 5 timbangan candu ana 1/100 tail (0,386 g); 6 êngg. wuwuhan pambayaran (pajêg) marang lurah desa; micakake [x] mêlèk pr: nganggêp marang liyan yèn ora ngêrti (wêruh); ngrabèkake [x] pr: sênêng nonton wong wadon; nyolok [x] pr: nglakoni piala dijarag ana ing sangarêpaning sanak lsp; [x]-[x] (kapi-)kapèn pr: wêruh nanging durung tamat; kc. kêmata.
mata dêruk: kn. bolongan ing klambi dianggo ngancêbake bênik.
mata dhuwitên: kn. kang dimelik mung dhuwit.
mata era: kn. ar. nam-naman kang rênggang-rênggang (tmr. kranjang).
matag: kw. akon; kc. atag.
matah: kn. ak. nanggênah marang; kc. patah.
mata itik: kn. bolongan ing klambi dianggo nganjingake bênik.
mata iwak: kn. 1 ar. têtuwuhan sing kumambang ing banyu; 2 cuplak sing ngurêng.
mataya: kw. njogèd.
mata yuyu: pc. tansah arêp nangis.
matak, matêk: kn. kc. mantak.
mata-kapèn: kn. ak. kaya-kaya.
mata kucing: kn. bngs. damar.
matal: pc. mèh garing (tmr. jagung lsp); kc. maktal.
mata lele: kn. 1 sêmu putih (tmr. matane gêmak); 2 lagi wiwit trubus godhonge (tmr. têmbako).
mata loro: pc. mangro tingal.
mata-mata: kn. têlik, pulisi kapêtêngan.
mata-pita: kn. (kw. bapa-biyung), wong kang dipitaya (ngawat-awati).
mata-pitaya: kn. ak. mata-pita.
mata-sapi: pc. êndhog dicêplok.
mata walangên: kn. kêsêl bangêt marga kêsuwèn mandêng (tmr. mata).
mata walik: kn. ar. nam-naman.
matang: I kn. ak. numbak; [x] tuna numbak luput pr: kang dijangka ora ana kang kêcandhak; kc. watang. II kw: sabab, jalaran; matangnya kw: sababe, amarga ... III n. nyêkawan k: siji-sijine patang (-puluh, sèn lsp).
matangga: (S) kw. gajah.
matang puluh: pc. kêpêksa kandhêg.
matar: kn. ngikir; kc. patar.
Matarum: kw. mataram.
matèk: I êngg. mantèk; kc. pantèk, patèk. II êngg. pc. mati; [x]-ake n. mêjahakên k: 1 nyirêp (hawa napsu lsp); 2 nêtêpake dianggo baku; 3 ora ngatutake; kc. mati, patèn, pati.
matèni: n. mêjahi k. njalari (agawe) pati ut. mati; kc. pati, mati, patèn.

matêk: kn. ak. ngucapake donga (aji); kc. matak, watak, watêk.
matêng: kn. 1 wis tuwa lan wis enak dipangan (tmr. wowohan); 2 wis tanak, rampung pangolahe (panggodhoge); 3 wis tutug panggarape (tmr. lêmah lsp), wis kêkêr ut. kêncêng (tmr. tamparan), wis dadi (tmr. rêrêmbugan); 4 wis tutug ut. ngêrti têmênan (tmr. ngudi kawruh, nglêlimbang lsp); 5 wis mèh mêcah (tmr. wudun); 6 êngg. wis dadi hak (tmr. tanah pêrsil).
matêng ati: kn. kang matêng lagi ing jêro (tmr. pêlêm lsp).
matêngga: kw. gajah.
matêsi: kn. ndokoki watês, mangêni; kc. watês.
--- 299 ---
mati ~ mathu.
mati: I n. pêjah k. 1 (surud, seda ki) ilang nyawane (uripe); 2 (ut. mêmati ak) matèni, agawe pati; 3 ora urip (tmr. gêgambaan,[9] karangan lsp); 4 ora bisa olèh laku kang prayoga (tmr. main); 5 wis ora murub (tmr. diyan lsp); 6 têtêp, ora owah-owah (tmr. rêrêgan lsp); 7 wis ilang banyune (tmr. sumur, bêlik lsp); 8 mandhêg, ora mlaku (tmr. jam, mêsin lsp); 9 wis ora dianggo (tmr. dalan, pasar lsp); 10 ak. tanpa, ora nganggo; 11 ak. kurang saka mêsthine (tmr. takêran lsp); 12 ak. wis kêpungkur (tmr. sasi lsp); 13. tanpa rasa pangrasa) tmr. kulit, ilat lsp; 14. ak. buntu, tanpa bolongan; 15. disigêg (tmr. aksara); kc. pati, patèn. II kw: nyanggama; kc. wati.
matianta: kw. bangêt, kêluwih-luwih.
mati branggah: kn. ak. mati utama bangêt.
mati kunduran: kn. mati ing nalikane duwe anak.
matil: kn. 1 namakake patil; nglakèni; kc. patil.
matimbun-timbun: kn. ak. tumpuk-tumpuk.
mati ngurak: kn. mati marga wis tuwa bangêt (tmr. kewan).
mati raga: kn. nindakake kasutapan (ngêngurangi, nyêgah hawa nêpsu).
matiri: pc. mutawatiri.
matis: I êngg.kn. nyêmbêlèh. II ut. matistis kw. atis, adhêm.
mati sabil: kn. 1 mati marga pêrang sabil; 2 mati kunduran.
mati salah: kn. ak. mati ora krana Allah.
mat-matan: pc. enak-enakan; kc. nikmat.
matu: n. nyela k. 1 ndèkèki watu (ing dalan lsp); 2 atos kaya watu; kc. watu.
matuh: êngg. pc. manuh; kc. patuh, kêpatuh.
matuhake: êngg. nêtêpake dadi baku (patuh); kc. patuh.
matuk: kn. 1 ak. nucuk, nothol; 2 êngg. natah; kc. patuk.
matuki: kn. njalari lara watuk; kc. watuk.
matun: kn. mbubuti sukêt lsp. ing têgal ut. sawah; kc. watun.
matungi: êngg. ak. mèlu, ngiloni; kc. patung(an).
matur: kn. munjuk ki. kandha (kalawan urmat); kc. atur.
matut: ut. mêmatut kn. nata (ngêtrap, masang, lsp) supaya patut; kc. patut.
matoh: êngg. matuh.

maton: kn. 1 gumathok, miturut pathokan; 2 kêna dipracaya; kc. waton.
matosi: êngg. k. matiri.
matra: (S) kw. 1 ukuran; 2 sathithik; kc. mantra.
matra-kelasa: (-kilasa) kw. ngatut.
matrap: kn. ak. ngêcakake, numrapake; matrapi ak: ngukum; kc. patrap, trap.
matrèni, matri: kn. ngrakêtake nganggo patri; kc. patri.
matrus: (W) kn. punggawa prau.
matroli: kn. ngrondhani; kc. patrol.
matros: êngg. k. matri.
matsara: (S) kw. ak. murka, ngangsa, mèri.
matsya, matswa: (S) kw. iwak(-loh).
matyanta: kw. bangêt, kêluwih-luwih.
maca: n. maos k. 1 ngunèkake surasaning tulisan; 2 nêmbangake layang têmbang; kc. waca.
macak: kn. 1 nata; 2 ngêmot ing layang kabar lsp; 3 êngg. pc. sarwa bêcik panganggone (pêpasrène); kc. pacak.
macal: (-i) êngg. k. matar; kc. pacal.
macan: n. sima k. ar. kewan galak, dene arane: [x] kombang, [x] gembong, [x] tutul, [x] gadhungan: macan malihan wong; [x] guguh: pêpindhaning wong luhur sênadyan ilang kuwasane mêksa isih mêdèni; kudhung wlulang [x] pr: aling-aling jênênge wong kang duwe kuwasa; nguthik-uthik [x] dhedhe pr: ngganggu gawe wong sing wis lilih nêpsune; singidan nêmu [x] pr: nêdya nyamur laku malah kêpêthuk karo wong sing mangêrti.
macanan: kn. ar. dolanan bngs. bas-basan.
macangake: kn. ndadèkake pacangan; kc. pacang(-an).
maca udrasa: kw. nangis.
macapat: kn. 1 ak. tangga desa kang ngubêngi (mancapat); 2 têmbang kang kalumrah ing layang-layang anyar.
macar: kn. ngabang kuku nganggo pacar; kc. pacar.
macas: êngg. macas; kc. pacas.
mace: I êngg. kn. wis êntèk-êntèkan. II pc: ngapusi; kc. pace.
macêki: êngg. kn. nglarangi, macaki; kc. pacak, pacêk.
macêl: kn. nganjingake nganggo pacêl; [x]-ake êngg: nêsêlake; kc. pacêl.
macêm: êngg. pc. 1 jinis, warna; 2 cocog, jodho.
macêt: êngg. kn. lèngkèt, nèmplèk krakêt; kc. pacêt.
macit: kn. ak. mangan pacitan; kc. pacitan.
macuhake: kw. nglarangi, macaki; kc. pacuh.
macuki: êngg. pc. nglantarake; macukake, macokake: nyêmbranani diarani dhêmên ut. dijodhokake karo; kc. pacuk.
macul: (-i) kn. nggarap lêmah nganggo pacul; kc. pacul.
macung: kn. (-dhewe marang) têrus matur dhewe marang dhêdhuwuran; kc. pacung.

mathak: I pc. mbalang nganggo barang kang atos; kc. pathak. II kn: ar. bakal gilap digawe kuluk.
mathar: êngg. kn. sarwa tata lan bêcik.
mathêm: kn. sênêng (marêm) bangêt.
mathêt: kn. 1 narik kêncêng; 2 ngênêtake kêncêng; 3 mêkak, nyandhêt; 4 êngg. ngêthoki (godhong lsp); kc. pathêt.
mathi: I kn. unyêng-unyêng jaran (dadi têngêraning wêwatêkan). II kn: gawe pathi; kc. pathi.
mathis: kn. 1 trêp bangêt, dhamis, cocog bangêt; 2 bêcik lan bênêr panganggone (pangêtrape) tmr. têtêmbungan lsp.
mathu: kn. namakake ing gangsingan liyane; kc. pathu.
--- 300 ---
mathuk ~ mêgêng-mêgêng
mathuk: kn. 1 êngg. gathuk, kêpêthuk; 2 cocog, jodho; di-[x]-i: disênêngi, dicocogi.
mathok: kn. 1 kaya pathokan, têtêp, ora kêna owah, gumathok; 2 êngg. mathoki; [x]-i: 1 ndokoki pathokan; 2 nêtêpake wêwatone (pathokane); kc. pathok.
matholi: éngg. notholi; kc. pathol.
mawa: I n. mawi k. ak. 1 nggawa, ngêmot; 2 nganggo, kadunungan; 3 jalaran, njalari; [x]-[x]: miturut kaanane. II kn: gêni arêng kang mêngangah. III êngg. kn: kakehan wiayèn, ora nriman.
mawahi: kn. ak. nglowahi; kc. wawah.
mawak-mawak: pc. mênga amba (nangis).
mawal: I kn. pisah, uwal, kc. wawal. II [x]-i kn. ak: madoni, êmoh nurut; kc. wawal.
mawalikan: kn. ak. molak-malik.
mawali-wali: kw. kêrêp, bola-bali; kc. wali.
mawanti-wanti: kn. ak. wanti-wanti, kêrêp; kc. wanti.
mawantu-wantu: kn. ak. tansah, bola-bali; kc. wantu.
mawang: 1 kw. nyawang, ndêlêng; 2 kn. nganggo ngèlingi kaanane; kc. wawang.
mawar: kn. ar. kêmbang.
mawari: kn. ngirisi krambil; kc. wawar.
mawarna: (-warna) kw. warna-warna; kc. warna.
mawas: kn. ak. 1 ngawasake, namatake; 2 ngênêr, nuju marang; 3 gawe wawasan; kc. wawas, awas.
mawat: kw. awèh.
mawat-gawe: (-karya) kw. nglakoni piala.
mawèh: kw. awèh.
mawêlu: kw. burêng, pucêt; kc. wêlu.
mawêrdi: kw. mundhak-mundhak.
mawi: k. mawa.
mawijah-wijah: kw. sênêng-sênêng; kc. wijah.
mawinga-winga: kw. mbrabak abang dening nêpsu.
mawiti: kn. mènèhi pawitan; kc. pawitan.
mawud-mawud: kn. pating jlêmpah mobrak-mabrik; kc. awud.

mawug: kn. lêmbut lan madhuk (tmr. lêmah); kc. awug.
mawuh: êngg. ak. têpung manèh (tmr. sêsatron); kc. wawuh.
mawur: kn. 1 pating slêbar disawurake (tmr. kêmbang lsp); 2 êngg. lêmbut ora kêmpêl (tmr. lêmah lsp); kc. awur.
mawut-mawut: kn. 1 sumêbar wutah mrana-mrana; 2 êntèk akèh bangêt tanpa tanja; kc. awut.
mawoh: êngg. ak. wawuh.
mawon: k. pc. bae, kc. kemawon.
mawong: I kw. nitis. II [x] sanak(-pasanakan) kn. ak. mêmitran, sêsanakan; [x]-ake ak: ngabdèkake dadi pawongan; [x]-an kw: ngabdi dadi pawongan; kc. pawong(an).
mawratakên: k. 1 mêtêngake; 2 mbobotake.
(me): di-[x] pc. diêpe.
mebah: k. ak. mobah.
mèbêl: (W) kn. praboting omah (meja, kursi, lêmari lsp).
mèbrèt: pc. nganggo sandhangan kang apik lan anyar.
meda: I kn. lagean ala, cacad (tmr. jaran). II (S) kw: 1 sidhêkah, slamêtan, sêsaji; 2 budi, kawicaksanan.
medahi: pc. maedahi.
medan: kw. têgal; 2 papan jêmbar, papan paprangan; kc. pamedan.
medang: kn. ngombe wedang (ing nalikane ngaso); [x]-i: 1 wis manuh ngombe wedang (tèh, kopi); 2 mènèhi wedang tèh (kopi); 3 ngêsoki lsp. nganggo wedang; kc. wedang.
mèdèd: pc. ndêgèg bangêt (nalikane mlaku).
mèdèl-mèdèl: pc. mêtu nlolèr, mlaku wêtênge katon.
mede-mede: pc. mete-mete, mèdèl-mèdèl.
mèdêm: kn. 1 durung mêgar (tmr. kêmbang), durung matêng bangêt (tmr. woh); 2 ent. isih durung mêkar (tmr. kawruh lsp), isih ngarêpake brai (tmr. prawan), rada nyênêngake.
mèdi: kw. silit.
mèdini: (S) kw. bumi.
medok: pc. royal wong wadon; [x]-i kaya wong wadon; kc. wedok, wadon, madon.
medol-medol: pc. mlaku bokonge ketol-ketol.
medong-medong: kn. mlaku bokonge obah-obah.
meja: I (Prt) kn. bangku(-mangan, -panulisan). II pc: kêmeja.
mejan: I pc. maejan. II pc. kêmejan.
mèjèt: kn. ngênêtake nganggo jêmpol; kc. pèjèt.
medhak-mèdhèk: (-medhok) pc. ngadêg ana sangarêping wong supaya didêlêng.
medhang: êngg. kn. lêledhang; kc. midhang.
medhang-mèdhèng: kn. ngêdhèng, ngêblak.
mèdhèng-mèdhèng: kn. ngêdhèng.
mèdhèti: kn. ak. matane angèl diêlèkake (tmr. bayi); kc. pèdhèt.
mèdhêk, mêdhêk: êngg. ak. nyêdhak, nyêrak; kc. pêdhak, pêdhêk.
mèdhês: êngg. mithês; kc. pèdhês.
medhok-medhok: kn. medhak-medhok.

mega: kn. kumpuling uwab ing awang-awang kang katon putih.
mega-malang: kn. mega kang malang (ing wayah esuk).
mega-mêndhung: kn. ar. têmbang gêdhe lan ar. gêndhing.
megan: kn. klawu sulak biru (tmr. ulêsing dara).
megantara: kn. dhawuk sêmu irêng (tmr. ulêsing jaran).
megang-megung: kn. ora mujur jêjêg (dadi ngewuh-ewuhi); kc. malang megung.
megat-megot: pc. 1 maju mingar-mingêr; 2 mengkat-mengkot (marga êmoh).
mègèg, mègèk: êngg. pc. ora owah-owah, mênêng bae.
mègèng-mègèng: pc. mbêgènggèng, règèng-règèng (mêntas lara).
--- 301 ---
mègès ~ mendhong.
mègès: kn. ngiris mayat; kc. pègès.
megin: êngg. isih.
meglang-mèglèng: pc. tansah ngaton.
megung: I kn. ak. nyimpang saka ênêre; kc. megang-megung, malang-megung. II kw: oyag, gonjing.
megok: êngg. patut, pantês.
megos: kn. ngèncèng-èncèng, ora pênêr.
megot-megot: pc. saèm. megat-megot.
mèh: kn. ndungkap, kurang sathithik.
mehak: êngg. pc. ngênêr marang, nisih, mèlu ngrewangi, ngiloni; kc. pehak.
mehan, mèhèn, meyan, mèyèn: êngg. awèh.
mehan, mèhna: êngg. pc. mèh.
meyang-meyong: ut. meyar-meyor kn. tansah nywara (tmr. kucing).
meyar-meyor: kn. ak. miyar-miyur.
mèyèk-mèyèk: kn. gêgêre nganti ndêngkèk saking rêkasa (abot) bangêt.
meyok: kn. mleyok; kc. peyok.
meyos: (ên) êngg. (nandhang) lara pating plêmpung (tmr. bocah cilik).
mèk: I ut. [x]-e êngg. pc: karêbèn, cikbèn. II êngg: mung. III di-[x] êngg. pc: dipèk; kc. pèk. IV di-[x](-[x]) kn. digrayangi, didumuk-dumuk; di-[x]-[x]-i: digrayangi, digrayahi.
mekah-mèkèh: kn. mlaku sikile mêtu; kc. pèkèh.
mekala: (S) kw. lambung, bangkekan, ambên.
mekani: I êngg. ak. njaga (ngati-ati) ing sadurunge; kc. weka. II êngg: ngrekani, ngapusi; kc. paeka, peka.
mèkèh: kn. ak. ngêmban pèkèh; [x]-[x]: mlaku sikile mêtu; kc. pèkèh.
(mèkên): di-[x] êngg. diwènèhake.
mèk-mèkan: kn. grayahan.
mekrad: (A) kn. munggah swarga saragane; [x]-an: riyaya mekrade K.N. Mukamad.
mèl: kn. donga, rapal; di-[x]-i: didongani.
mela-mela: êngg. wela-wela.
mela-mèlu: pc. mung manut, tansah mèlu; kc. mèlu.

melai: êngg. k. mulai (wiwit).
melar-melor: kn. ak. kêndho, ora kêncêng; kc. melor.
mele-mele: kn. 1 katon mèlèd ilate; 2 pc. warêg bangêt.
mèlèd: kn. mêtu ilate; kc. èlèd.
mèlèd-mèlèd: kn. 1 tansah mèlèd; 2 br. mêtu tmr. gêni, murub mubyar.
mèlèr: kn. mêtu mili (tmr. umbêl).
mèlèti: kn: 1 diusapi lênga pèlèt; 2 diusari (tmr. tembok); kc. pèlèt.
mèlêg: êngg. kn. wis kabong; kc. milêg, mèlêk.
mèlêk: (W) kn. puhan, pêrêsan.
mèlêm: kn. ar. iwak sêgara.
melih: êngg. milih.
melik: I kn. 1 kêpengin ndarbèni, arêp ngêpèk; 2 kêpengin bangêt ngêpèk; 3 pc. murih; [x]-an: gampang melik marang darbèke liyan, arêpan; [x] nggendhong lali pr: kêpengin bangêt njalari lali (wani nindakake kang dudu samêsthine); kc. kamelikan. II êngg. ak. barang darbe (kang dadi hak); kc. milik.
melingi: kn. ak. 1 ngelingake, ngelikake; 2 mènèhi peling (imbuh); kc. peling.
mèlu: n. tumut k. ndhèrèk ki. [x]-[x]: mèlu ngiloni; [x] grubyug: mung miturut ombyaking akèh; [x] payu pc: tuku rêgane manut wong liyane.
melung: êngg. mbêngkêluk, melot.
melog: kn. nywara laras pelog.
melok: I êngg. pc. mèlu. II êngg. pc: mêlok, katon cêtha.
melokake: êngg. pc. ngilokake; kc. ilu.
meloni: kn. ak. pelo.
melor: I kn. ak. miyur, ora kêncêng. II kn: (kreta [x]) ar. kreta.
melot: kn. mbêngkêluk nêkuk (tmr. dhuwit, kêris lsp).
memang: êngg. pc. pancèn mula.
memba: I kw. mêtu; kc. wimba. II kn. ak: ngèmpêri. madhani, niru; kc. emba, wimba.
mèmblèh-mèmblèh: pc. mênga lambene arêp nangis.
meme: kn. mepe; [x]-an: kang dianggo ngêpe, barang kang dipe.
mèmèk: êngg. njupuk; kc. mèk.
mèmès: êngg. pc. pèmès.
mèmèt: êngg. kn. 1 golèk iwak (ora nganggo piranti); 2 golèk janganan lsp; [x]-i: bingung golèk ênggon dianggo ngêndhog; kc. pèt.
memuti: kn. ak. ngelingake; kc. pemut.
mèmpêr: kn. 1 mèh padha karo; 2 pc. rada pantês(-patut, bêcik); kc. èmpêr.
mèmrèng: knb. tipis lan arang-arang (tmr. tênunan).
mèn: I êngg. pc. karêbèn, cikbèn. II êngg: tansah; kc. amèn. III di-[x]-i êngg: diwènèhi.
menak: I êngg. pc. enak, kêpenak. II êngg: bêndara (sêsêbutan marang wong luhur).
menda: k. wêdhus.

mendah: I èngg. pc. supaya. II (-ana, -ane, -nan, -baya, -gene) êngg. ak. saiba bakal ... mênawa ... III [x]-[x], [x]-neya kn. ak. andèk puna; kc. endah.
mèndès: êngg. pc. kênès bangêt.
mèndêl: k. êngg. 1 mandhêg; 2 lèrèn; 3 mênêng; kc. kèndêl.
mendra: kw. lunga, lêlungan.
mèndrès: kn. kênès bangêt.
mendring: êngg. pc. nicil, cicilan; kc. mindring.
mendro-mendro: kn. pc. ayu sarta kênès.
menje: kn. kluwak ênom.
mènjèng: kn. lèndèr, palanyahan.
mènjêp: êngg. pc. mèncêp.
mendha: I êngg. k. wêdhus. II êngg. kn. niru, ngèmpêri; [x]-a êngg: saupama; kc. pindha, mindha.
mèndhèng: êngg. kn. bngs. pêngaron.
mèndhol-mèndhol: pc. isi akèh sarta gumandhul (tmr. têlih lsp).
mendhong: I kn. bngs. sukêt sok digawe klasa lsp. II êngg. kn. ar. ama pari.
--- 302 ---
mene ~ mèprèl.
mene: I (sa-, rong-) n. mantên k. kèhe padha karo iki. II n. mriki k. êngg: mrene.
mènèhi: n. nyukani k. maringi, nyaosi ki: awèh marang; kc. wènèh.
mènèk: kn. munggah ing wit sarana ngangkrok; kc. pènèk.
mènèng-mènèng: êngg. kn. abang bangêt; kc. manang-manang.
mènèt: kn. ngênêtake; kc. pènèt, pênèt.
mènmèn: kw. mbarang; kc. amèn-amèn.
mènol: êngg. pc. nyênol ing kulit.
mèntak: êngg. pc. njaluk.
mentar: kw. mangkat, lunga.
mèntèng: I êngg. kn. jirak, kêpundhung. II [x]-[x] pc. mlaku wêtênge katon maju.
mèntèr: êngg. pc. 1 bisa murub ajêg (tmr. gêni); 2 katon bêcik; 3 ora kêtaton.
mèntên: êngg. k. mene.
mèntêr: kn. marna nganggo wèntêr; kc. wèntêr.
mentol: kn. abuh tmr. lambe.
mèntrok-mèntrok: pc. katon ayu.
mencang-mèncèng: (-mèncong) pc. ora pênêr.
mencas-mencos: pc. tansah mencos (ora pênêr).
mèncèd êngg: kn. jinjit.
mèncèng: kn. 1 ora pênêr; 2 ent. nyimpang saka kang bênêr; kc. pèncèng.
mèncêp: kn. ngajokake lambe ngisor (tandha ora sênêng, moyoki lsp) kc. èncêp.
mencla-mencle: pc. gunême molah-malih (ora kêna diêndêl).
mènclok: êngg. mencok; kc. pènclok.

menco: kn. ar. manuk bisa nirokake gunêming wong lsp.
mencok: kn. 1 mandhêg ing pang lsp. (tmr. manuk, ibêr-ibêran lsp); 2 tumancêb ing lèsan (tmr. manah); 3 pc. wis mapan, cocog, wis bênêr ut. laras (tmr. nêgêsi têmbung lsp); kc. encok, pencok.
mencong: kn. ora pênêr; kc. encong, pencong.
mencos: kn. 1 ora pênêr, ora sipat; 2 merot (tmr. cangkêm); kc. encos.
mèncrèt: kn. bêbanyu lêmês kaworan banyu.
mèncrok: êngg. kn. mencok.
mènthak-mènthèk: pc. tansah têka (nyanak-nyanak).
mènthèh-mènthèh: pc. gêdhe nggandhul (tmr. wêtêng).
mènthèk-mènthèk: pc. mlaku alon obah-obah.
mènthèl: pc. kênès bangêt.
menthog: kn. bngs. bèbèk.
mènthong: pc. sikile nêkuk; kc. penthong.
mènyak: êngg. pc. lênga.
menyar-menyor: êngg. pc. miyar-miyur.
mènyèt: êngg. ak. ngênêtake, mênêt; kc. pènyèt.
mènyok: êngg. kn. tela kaspa.
mèng: êngg. pc. 1 ah gèk mangsa! 2 aja.
menga-mengo: kn. tansah mengo.
mèngas: kw. mlengos, nolèh.
mèngèh-mèngèh: pc. 1 abang bangêt; 2 anyar bangêt; kc. mangah-mangah.
mèngèng: kn. ak. nolèh, mengo; 2 lèrèn sêdhela, ninggal kawajiban, mundur ora wani nadhahi.
mèngèr-mèngèr: kn. katon abang ngrêsêpake (tmr. lambe).
mèngès: kn. ngiris, mègès; kc. pèngès.
mèngêt: kw. eling, kèlingan; [x]-i: nyathêti; kc. pèngêt.
menggak-menggok: kn. tansah (kêrêp) menggok, têtikungan; kc. enggok.
menggal: kw. enggal.
menggar: kw. ngenggar-enggar.
mènggèr: êngg. kn. bngs. cangkrang (cacar).
menggok: kn. ganti ênêr; kc. enggok.
menggos: kn. ak. mencos, mèncèng; kc. megos.
mengini: kn. ak. kêpengin marang; mêmengin: njalari kêpengin; menginake: marakake kêpengin; kc. pengin.
mèngkak-mengkok: kn. pratingkah nelakake êmoh.
mengkal: kn. nyepak nganggo sikil buri (tmr. jaran); kc. pengkal.
mèngkal-mèngkol: kn. ak. padha mbêngkêluk, menggak-menggok.
mengkat-mengkot: kn. mengkak-mengkok.
mèngkod-mèngkod: kn. ak. mengkat-mengkot.
mèngkog-mèngkog: kn. ak. mègog-mègog (kêgêdhèn bokong).
mèngkok-mèngkok: kn. ak. mengkak-mengkok.
mèngkol: kn. 1 êngg. mbêngkêluk, menggok; 2 pc. nyidhat dalan, nggiwar; kinang [x]-an ak. kinang racikan gêdhe; kc. engkol.
mèngkot-mèngkot: kn. kakehan pratingkah nelakake êmoh.

mèngkrang: pc. linggih ing papan kang dhuwur.
mèngkrèng: I kn. linggih (sumèlèh) ing pinggir ut. bambing; kc. èngkrèng. II êngg: lombok.
mènglèng: kn. ndhungkluk nisih (nilingake lsp); kc. èngklèng.
mengo: kn. 1 ndêlêng nisih, nolèh; 2 ent. êmoh, suthik.
mengoh-mengoh: pc. katon ayu.
mèngol: êngg. kn. wangkod, brangasan.
mèngos: pc. 1 mlengos, tumolèh; 2 ngèncèngake; kc. engos, pengos.
mepe: kn. nggaringake ing panasan; kc. pepe.
mèpèd: kn. 1 cêdhak bangêt, nyêdhak rakêt bangêt; 2 pc. wis sathithik bangêt bathine, wis diirit-irit bangêt; kc. pèpèd.
mèpèh: kn. ak. nuthuki êmas; kc. pèpèh.
mèpèli: pc. mipili.
mèpèri: kn. ngrêsiki jubur lsp. nganggo dluwang lsp; kc. pèpèr.
mèpès: êngg. ngêpès; kc. pès, pèpès.
mèpi: kw. ngimpi.
mèpu: kw. susah (sêdhih) bangêt.
mèprèki: êngg. kn. mupuh, nuthuki; kc. pèprèk.
mèprèl: kn. gampang gêmpil (pêcah); kc. pèprèl.
--- 303 ---
merad ~ mêjêr.
merad: I êngg. ks. minggat, nggêblas. II kn. ak: mekrad.
merah: êngg. pc. (kaum [x]) golongan wong komunis; ama [x] êngg: ar. ama pari.
merak: êngg. misah, mêgat; kc. perak.
merang: I ut. [x]-[x] kn. mbage, ngêdum, mara-mara; kc. perang. II kw. (êngg. k): isin.
merat: êngg. ks. minggat, lunga nggêblas.
merat-merot: kn. ngobahake cangkême ngiwa nêngên; kc. perot.
mèrèh-mèrèh: kn. abang sumringah (kaya gêtih).
mèrèkake, mèrèni: kn. mèri marang.
mèrèl: êngg. ayu; kc. maèrèl.
mèrèn: (-an) kn. awatak sênêng mèri.
mèrèng: kn. ak. kaya pèrèng, mayat; kc. pèrèng.
mèrès: kn. 1 nakêr digawe pèrès; 2 êngg. rada gêndhêng; kc. pèrès.
mèrèt: kn. 1 (ut. [x]-an) ikêt-ikêtan diwiru mlipis; 2 pc. ayu, bêcik; kc. pèrèd.
mèrêg: kn. golèk kuli kontrak; kc. wèrêg.
mèrêk: I êngg: nyêdhak, mara; kc. pèrêk. II (W) kn: 1 ciri ut. tandha; 2 cap ing pabrik lsp; 3 tèkên jênênging toko lsp.
mèri: kn. 1 ak. sênêng mada (maoni); 2 ora sênêng atine dening wong liyane diganjar, olèh kabêgjan lsp.
mèru: kw. gunung.
mèru-pancaka: kw. pangobongan mayit.
mero-mero, merok-merok: pc. kandêl bangêt ênggone pupuran.
meron: kw. èmpèr.

merong: I êngg. kn. nylonèhi, ngrêgêdi, nylorèngi; [x]-[x] pc. pupuran kandêl bangêt, pating clorèng; kc. perong. II kn: ngarêpake niba gêndhing.
merot: kn. ngencosake cangkêm; kc. perot.
mesa: êngg. k. kêbo; kc. maesa.
mesan: êngg. kn. maejan.
mèsêm: kn. ngguyu kang ora kawêdhar; kc. èsêm.
mèsi: kw. ngêmot, isi.
mèsih: êngg. isih.
mèstêr: (W) kn. 1 ak. guru (pamulangan); 2 sêbutane para ahli kukum.
mèstri: kn. ak. 2 mèstêr (ahli kukum); 2 dhukun.
mèt: kw. golèk, njupuk, ngêpèk; [x] prana kw. golèk ati, sumanak; di-[x] êngg: dijupuk, dipèk.
metak-metak: êngg. ngguthêk-ngguthêk; kc. petak.
metani: kn. ngulik ki. 1 nggolèki tuma; 2 pc. nlêsihake; kc. petan.
metang: k. metung.
metal: (W) kn. logam.
metar: kn. ak. ngêdrèl (mbendrongi) nganggo mriyêm.
mete: I pc. ks. mata. II jambu [x] kn. ar. woh; [x]-[x] pc: katon mêtu dawa.
mètêr: (W) kn. ar. ukuran lajuran (saprapatangpuluh yutane kubênging jagat); [x]-an: pangukure nganggo mètêr, piranti ngukur dawane 1 mètêr; pajêg [x]-an êngg: pajêg lêmah.
metung: n. metang k. 1 milang, nacahake; 2 pc. nganggêp ut. nglêbokake ing petungan; kc. petung.
mecak: êngg. kn. midak (tmr. jaran).
mècèl: (-i) kn. mêcèl(-i) kayu lsp.
methang-mèthèng: pc. ngêblak, ngaton; kc. èthèng.
mèthèh-mèthèh: pc. katon lêmu; kc. èthèh.
mèthèk: kn. ngulukake layangan; kc. pèthèk.
mèthèli: êngg. mithili, nyêmpali; kc. pèthèl.
mèthèng-mèthèng: pc. katon ngêblak, ora ditutupi; kc. èthèng.
methok: kn. 1 ak. jêmbar (tmr. rai); 2 raine katon kabèh, lumahe kang ngarêp katon kabèh; 3 pc. melok.
methos, methot: pc. merot, mencong.
methot: pc. melot.
mèwèhi: n. ak. mènèhi; kc. wèwèh.
mèwèh-mèwèh: pc. katon amba (bolongan lsp).
mèwèk: (-mèwèk) pc. 1 suwèk amba; 2 nangis (tmr. bocah).
mèwêh, mewuh: kw. ewuh.
mêdal: k. mêtu.
mêdamêl: k. mêgawe.
mêdanani: kn. ak. dadi wêdana tumrap ing, manggêdhèni; kc. wêdana.
mêdèni: n. ngajrih(-ajrih)i k: njalari wêdi; 2 marakake wêdi; 3 ak. wêdi marang; kc. wêdi.
mêdêd: pc. 1 mubêng ngganjrêt; 2 (nggêgolèki lsp) mênyang ngêndi-êndi; 3 bêcik bangêt (ênggone macak, mênganggo); kc. mudêd.

mêdêdêng: pc. kêncêng bangêt, mêmpêng bangêt.
mêdêlab, têlung: [x] pc. adoh bangêt; kc. madhab.
mêdêl: n. nyêlêp k. ngirêng (mbiru) nganggo nila; kc. wêdêl.
(mêdi): mêmêdi kn. lêlêmbut (dhêmit) kang ngaton, kc. wêdi.
(mêdidang-): mêdiding kn. ndhrêdhêg, pating prinding.
mêdudung: pc. njêmbluk gêdhe (tmr. wêtêng. warêg bangêt).
mêdodong: kn. 1 mulur sarta abuh kêncêng; 2 ks. mati; kc. bêdodong.
mêdosi: êngg. k. mêdèni; kc. wêdi; mêmêdos êngg. k. mêmêdi.
mêjaji: kn. 1 pangaji, murwat; 2 ana ajine.
mêjahi: k. matèni; kc. pati.
mêjak: êngg. ak. muntir; kc. wêjak.
mêjana: I êngg. pc. sêdhêngan, tanggung, rada lumayan. II dimêjanani kn. ak. dirèmèhake, disorake.
mêjani: kn. ak. opahan marang dhukun; dimêjanèni: diwènèhi mêjani.
mêjang: kn. mulang bab ngèlmu kasampurnan; kc. wêjang.
mêjao: pc. ngewuhake; kc. mêrjao.
mêjêk: êngg. ak. mêjak.
mêjêmuk: pc. majêmuk.
mêjên: kn. 1 ora bisa muni (tmr. mêrcon, bêdhil lsp); 2 (lara [x]) lara ngising gêtih umbêl.
mêjênun: pc. majênun.
mêjêng: êngg. ak. nggocèki kêncêng; kc. pêjêng.
mêjêr: êngg. njêjêr.
--- 304 ---
mêjing-mêjing ~ mêkar.
mêjing-mêjing: kn. ak. nyuwèk-nyuwèk; kc. wêding.
mêjujag: êngg. kn. kurang ajar; kc. bêjujag.
mêjrah: êngg. ngetung kalawan titi; kc. pêjrah, mijrah.
mêdhadhag, mêdhagdhag: êngg. kn. katon jêmbar dhadhane; kc. bêdhadhag.
mêdhaya: êngg. dadi ut. kaya tlèdhèk; kc. bêdhaya.
mêdhayoh: n. mêrtamu k. mara dhayoh.
mêdhak: êngg. k. mêdhun.
mêdhaki: kn. ngusari wêdhak; kc. wêdhak.
mêdhali: (W) kn. saèm. dhuwit wangun bundêr (bligon) dianggo ciri, tandha kaurmatan lsp.
mêdhang: kn. namakake pêdhang; kc. pêdhang.
mêdhar: (-ake) kn. 1 ak. mbukak, ngudhar; 2 nyugag; 3 ngandharake (panêmu lsp); 4 mbiyak (mahyakake) wadi lsp; kc. wêdhar.
mêdhar sabda: kn. sêsorah.
mêdhèdhèh: pc. mbêdhêdhêg.
mêdhêk: I êngg. k. mêdhun. II êngg. kn. mara, nyêdhak; kc. pêdhak, pêdhêk.
mêdhêng: I êngg. kn. 1 sêdhêngan; 2 mbênêri, nêdhêng; kc. sêdhêng. II kn: 1 êngg. ora bisa maju têrus; 2 êngg. kodhêng, ora ngêrti; 3 mandhêg ut. ora laku (tmr. dêdagangan).
mêdhêsi: kn. muwuhi pêdhês; kc. pêdhês.

mêdhi: kn. 1 kaya wêdhi (tmr. êndhog, salak lsp); 2 nggarap nganggo wêdhi; kc. wêdhi.
mêdhidhig: pc. umuk, gumêdhe.
mêdhing: I êngg. mlêdhing. II êngg: njaluk ujuran olèh-olèhane misaya iwak.
mêdhit: kn. cêthil bangêt, yèn dijaluki ora awèh.
mêdhudhuk: pc. mbêdhudhug.
mêdhuk: I kn. êmpuk padha nglinyam dening kaêkum ing banyu. II pc: mêdhun.
mêdhukun: kn. njaluk rêmbug (tamba) marang dhukun.
mêdhun: n. mandhap k. tumêdhak ki. 1 mênyang ingisor; 2 tumurun saka ing tunggangan (kreta, sêpur lsp); 3 suda (tmr. rêrêgan), dadi kurang tinimbang maune; 4 pc. mènèhi (urunan lsp); [x] lêmah: slamêtan ing nalikane bocah diambahake lêmah kang kawitan; kc. udhun.
mêdhut: (-i) kn. 1 ak. nglimputi pêdhut; 2 êngg. adoh bangêt; kc. pêdhut.
mêdhodhok: pc. 1 padha njêgrag wulune; 2 mbêdhodhog.
mêdhok: kn. 1 êmpuk padha nglinyam marga diêkum ing banyu; 2 ([x] atine) pc. bungah, sênêng.
mêdhot: kn. 1 ngêthok tampar, tali lsp; 2 ucul (tmr. jaran lsp); êngg. lunga ngoncati; 3 lèrèn ênggone duwe pakarêman ala (madat lsp); 4 mari sêsrawungan (mêmitran lsp); [x] (ing) dalan pc: (ngêtêrake) ana ing dalan bali (ora têrus); [x] banyon pc: kandhêg, ora nutugake; kc. pêdhot.
mêgagah: êngg. mbêgagah.
mêgahake: kn. njalari wêgah; kc. wêgah.
mêgani: kn. ngêbuli; kc. pêga.
mêgap-mêgap: kn. ambêkan rêkasa (mangap-mangap) marga mêntas mlayu lsp.
mêgar: kn. 1 mênga jumèrèng (tmr. kêmbang, payung lsp); 2 njênggar, ora kêmpêl (tmr. driji lsp); 3 ([x] rêjêkine) pc. sêmpulur ênggone golèk rêjêki; kc. êgar, mêkar.
mêgari: êngg. kn. wong kang rêrewang.
mêgat: kn. 1 êngg. ak. mêdhot (tali lsp); 2 mêdhot, misah; 3 mènèhi talak; 4 br. ngêthok (gulu); [x]-i pc: ngêgati, ngadhang; kc. pêgat.
mêgatruh: kn. ar. têmbang macapat.
mêgawan: kw. dadi bêgawan, mêndhita.
mêgawe: n. mêdamêl k. nyambut gawe nggarap sawah (têgal); dimêgawèkake: dikon mêgawe, dianggo nggarap sawah (têgal) tmr. kêbo, sapi; kc. mênggawe, gawe.
mêgègèh: pc. rada mbêgagah.
mêgêg-mêgêg, mêgêgêg: pc. mbêgêgêg.
mêgêgêh: kw. mbêgêgêg.
mêgêlake: pc. mangkêlake ati; kc. pêgêl.
mêgêlang, mêgêlêng: kn. ak. puguh, wangkod.

mêgêng: kn. 1 ak. ngampêt(-napas lsp); 2 ki. nyapih (-bayi); 3 (ut. mêgêngan) wiwitaning sasi Pasa.
mêgêp: kw. katon gagah(-bêcik. sêmuwa).
mêgêr-mêgêr: pc. 1 ngadêg njêjêr (tmr. barang kang gêdhe); 2 isih ana(-waras, ora mati).
mêgilan: kn. ak. gila.
mêgu: êngg. kn. mêgung.
mêguguk: kn. ak. mbêguguk.
mêguk-mêguk: pc. mbêgogok.
mêgung: kn. mambêg ora mili (tmr. banyu kali lsp).
mêguru: kn. ngangsu kawruh marang guru (ngèlmu kasampurnan).
mêgogok: pc. mbêgogok.
mêgok-mêgok: pc. mbêgogok.
mêgot: êngg. kn. mêdhot; kc. pêgot.
mêgrak: pc. mêgar.
mêgrak-mêgrik: pc. 1 ora kukuh; 2 kêrêp lêlaranên.
mêgruk, mêgrok: pc. mêkrok (tmr. kêmbang).
mêhêng: kw. mung; kc. muhung.
mêk, mak: [x] pc. sanalika dicêkêl (didêkêp lsp); kc. mêk-mêk.
mêka: kn. ana ut. akèh wêkane.
mêkak: kn. 1 mêpêg supaya ora mbandhang (tmr. jaran lsp); 2 nyandhêt (hawa nêpsu); 3 pamêkak; kc. pêkak.
mêkakah: pc. mbêgagah.
mêkakat: ora [x] pc. ora lumrah, ora mèmpêr; kc. mupakat.
mêkaki: êngg. kn. mara-kaki; kc. mêrkaki.
mêkan: êngg. tumama, rumasuk; kc. makan.
mêkanjar: 1 kw. njogèd (têtironing pêrang); 2 kn. ak. nekad, mbrêngkêlo.
mêkangkang: pc. linggih (turon) sikile dibêgagahake.
mêkao: kn. ngasud kêrtu (ora mèlu main).
mêkar:: kn. 1 ak. njênggar, mundhak gêdhe (rowa); 2 mêgar (tmr. kêmbang).
--- 305 ---
mêkara ~ mêmbêk-mêmbêk.
mêkara: n. mêkawis pc. mrakara; kc. prakara.
mêkas: kn. ak. mêling marang; kc. wêkas.
mêkatên: k. mêngkene, mêngkana, mêngkono.
mêkèkèh: kn. mlaku sikile mêtu; kc. pèkèh.
mêkèni: êngg. nuruti, ngabulake (panjaluk lsp); kc. wêkèn.
mêkenaki: kw. ngêpenaki, ngêpenakake; kc. kêpenak.
mêkèngkèng: pc. sikile njênggar; kc. mêrkèngkèng, pêkèngkèng.
mêkètên: êngg. k. mêngkene.
mêkewuhi: n. mêkèwêdi k. ngribêdi, ngalang-alangi; kc. pêkewuh.
mêkêh-mêkêh: êngg. mênggèh-mênggèh napase).
mêkêk: êngg. mêkak, mêpêg.
mêkên: k. masar.
mêkêna: kn. krudhuk tutup êndhas.

mêkênêng: kn. ak. kêncêng (tmr. otot); kc. pêkênêng.
mêkêngkêng: pc. kêncêng bangêt, ora kêna diêluk; kc. mêrkêngkêng, pêkêngkêng.
mêkik: pc. njêrit, njêlih.
mêkiki: êngg. makiki.
mêkiklak-mêkiklik: pc. cêthil bangêt.
mêkingking: pc. garing (kuru) bangêt.
(mêkmêk): di-[x] kn. dicêkêl didumuk-dumuk.
mêkuh: êngg. ak. mbêkuh.
mêkul: kw. ngrangkul; kc. pêkul.
mêkungkung: pc. mbêngkuk, mbungkuk (turu, mati); kc. pêkungkung.
mêkongkong: pc. linggih mbêngkuk; kc. pêkongkong.
mêkotên: êngg. k. mêngkono.
mêkruh: kn. makruh.
mêkrok: kn. 1 wiwit mêgar (tmr. kêmbang lsp); 2 mêgar.
mêksa: kn. njiyat, ngudokake tumandang; kc. pêksa.
mêksi: êngg. kn. pamêksi.
mêksih: êngg. k. isih.
mêkca: êngg. kn. walèh, kandha sanyatane; kc. wêkca.
(mêla): mêmêla kn. ak. mêlas-asih (sêsambat lsp. mêsakake).
mêlad: kn. ak. ngiris nganggo wêlad; kc. wêlad.
mêlagake: êngg. nyladhangake, ngalangake; kc. pêlag.
mêlahi: kn. nglakokake prau nganggo wêlah; kc. wêlah.
mêlaya: kw. lêlana, lunga mrana-mrana, lêlungan.
mêlak: I êngg. ak. nggêlak; kc. pêlak. II êngg: katon cêtha; kc. mêlok.
mêlak-mêlik: pc. 1 kêlap-kêlip (matane ora bisa turu); 2 tansah kuwatir ut. wêdi (marga ijèn).
mêlani: êngg. kn. mènèhi wêlan, ora nicil; kc. wêla, wêlan.
mêlang-mêlang: êngg. ak. sumêlang, kuwatir.
mêlang-mêlung: kn. ak. sêru sarta mulur (tmr. swarane wong ura-ura lsp).
mêlar: I kn. mundhak amba (-rowa, -gêdhe); kc. êlar, wêlar. II êngg: mluku, ngluku; kc. wêlaran. III êngg: cêplik (bngs. suwêng).
mêlar-mingkus: kn. 1 mundhak amba nuli ciyut mênèh; 2 rêkasa (tmr. ambêkan).
mêlas: ut. mêmêlas, mêlas-asih kn. mêsakake, njalari rasa wêlas; [x]-i: wêlas marang; kc. wêlas.
mêlathi: kn. ar. kêmbang.
mêlèh-mêlèh: êngg. biblak (tmr. tatu).
mêlèhake: kn. ngandhakake (nundhês) ênggone digorohi; kc. wêlèh.
mêlèk: n. wungu k. 1 ora mêrêm; 2 ora turu, nglilir; kc.lèk.
mêlèng: êngg. pc. nglênthar, ndleya.
mêlèng-mêlèng: êngg. kn. mêling-mêling.
mêlêd: êngg. kn. kêpengin (adrêng) bangêt.
Mêlêd: êngg. k. Mulud.
mêlêg: kn. nguja pangane; kc. wêlêg.
mêlêk: I êngg. nggêlak; kc. pêlak. II kn. ak. mulêk.

mêlêng: kn. 1 mêndêng (ngênêr) marang, ngèsthi; 2 nyawijèkake gagasan; [x] puja (-sêmadi) kw. ngêningake cipta; kc. pêlêng. II [x]-[x] kn. 1 ak. katon gilap, mêling-mêling; 2 êngg. pc: katon cêtha. III êngg. kn: têlêng (ing mata).
mêlêp: kn. ak. kêbak mêncêb; kc. êlêp.
mêlês: kn. katon gilap (tmr. warna irêng); kc. brêbês.
mêlid: mêlit êngg. kn. mêdhit.
mêlih: êngg. k. pc. manèh.
mêlik: I kn. golèk lan ngrêsiki (êmas lsp); kc. pêlik. II [x]-[x] kn: kêlip-kêlip (tmr. diyan lsp).
mêling: I kn. 1 ([x]-ake) akon têka, akon ngirimi; 2 (ut. [x]-i) wêkas marang; kc. wêling. II [x]-i kn. ak: rame (tmr. swara).
mêlip-mêlip: pc. mêlik-mêlik, kêlip-kêlip.
mêlit: kn. 1 gawe wêlit; 2 mayu nganggo wêlit; kc. wêlit.
(mêlmêl): di-[x] pc. dipangan.
mêluk: I kn. ak. nêkuk, mbêngkêluk, ngêluk; kc. luk. II kn. ak: ngrangkul; kc. pêluk.
mêlung: kn. 1 êngg. mbêngok, njêlih; 2 ak. sêru lan mulur (tmr. swara).
mêlur: I kn. lêmês, gampang mbêngkêluk. II kn: ndokoki pêlur; kc. pêlur.
mêlut: kn. golèk wêlut; kc. wêlut.
mêlok: (-mêlok) kn. katon cêtha bangêt.
mêlong-mêlong: kn. 1 saèm. mêlêng-mêlêng; 2 pc. buthak amba.
mêmak: kn. ak. kêtêl sarta lêmês (tmr. rambut).
mêmani: n. mêmurun k. agawe wani; kc. wani.
mêmbak-mêmbik: kn. 1 pc. mêncêb-mêncêb; 2 (ut. mêmbêg-mêmbêg) matane kêbak luh arêp nangis.
mêmbat: kn. 1 bisa mêntul (ora kaku bangêt); 2 ([x] pikirane) ora puguh (-cukêng), bisa mulur pangrêmbuge; kc. êmbat.
mêmbat-mêntul: kn. mêntul-mêntul (kaya pir).
mêmbès-mêmbès: êngg. pc. nangis luhe trocosan.
mêmbêk-mêmbêk: pc. nangis luhe kaca-kaca.
--- 306 ---
mêmbêng ~ mênjutu.
mêmbêng: êngg, ak. ora bisa mili.
mêmblêg-mêmblêg: êngg. pc. rada kênthêl lintrêg-lintrêg.
mêmblêng: êngg. pc. ora bisa mili.
mêmbut: kn. êmpuk gênjuk-gênjuk (grayangane, tmr. woh lsp) kc: êmbut.
mêmêdi: kn. mêmêdos k. êngg) lêlêmbut (dhêmit) kang katon.
mêmêk: kn. ak. mêmak.
mêmêl: kn. êmpuk ora alot (tmr. iwak daging).
mêmêla: kn. ak. mêsakake, mêmêlas.
mêmêlas: kn. mêlas-asih; kc. wêlas.
mêmêng: êngg. pc. awang-awangên, rada wêgah; kc. êmêng.
mêmêngan: êngg: dolanan.

mêmês: kn. 1 êmpuk lêmês ora kêmrasak (tmr. janganan lsp); 2 ak. ngrêsêpake, nyênêngake.
mêmêt: kn. dhuwur (luhur) bangêt; 2 angèl digayuh; 3 (bundêr [x], gilig [x]) bundêr (gilig) kêplêng; 4 titi bangêt (ênggone nlêsihake, nyinau lsp); 5 (ajur [x]) ajur ut. luluh babar pisan; 6 (pêcahan [x]) pêcahan pinara pêcahan (ing ngèlmu etung).
mêmêtri: kn. ngopèni lan mêmundhi; kc. pêtri.
mêmpan: kn. 1 bisa têdhas (tumama) tmr. lading, gêgaman lsp; 2 bisa kobong; 3 bisa nyakup (ngêmot, ngêrti); 4 kêna dicakake marang; kc. êmpan.
mêmpès: pc. kêmpès.
mêmpên: kn. ak. 1 ora mêtu-mêtu saka ing omah, ndhêlik; 2 wêkêl, ora sênêng dolan(-dolan).
mêmpêng: kn. kanthi kêkuwatan (grêgêt, mantêp) ênggone nindakake.
mêmping: pc. kumêmping.
mêmpis-mêmpis: pc. kêmpis-kêmpis (ambêkane).
mêmplak: kn. (putih [x]) putih bangêt.
mêmplêk: êngg. kn. mêmplak.
mêmpuh: êngg. kn. lêmu êmpuk.
mêmpur: kn. êmpuk mblubur (tmr. tela godhogan lsp).
mên: pc. têmên, bangêt.
mêna: êngg. ak. aku, -ku.
mênagèn: (-a), mênakên êngg. mênawa.
mênahi: êngg. kn. ngukudi disinggahake; kc. wênah.
mênantên, mênantun: êngg. k. mênawa.
mênang: I kn. 1 bisa ngalahake (mungsuhe); 2 luwih unggul tinimbang, up. [x] rosa; 3 dhuwit ênggone olèh marga ngalahake (tmr. main); di-[x]-ake: dianggêp mênang, dianggêp luwih tinimbang liyane; [x]-an: tansah mênang. II [x]-ake ak. mènèhi wêwênang marang; kc. wênang. III [x]-i n. mêningi k: ngalami, nyipati.
mênapa: k. pc. apa.
mênapi: k. êngg. pc. apa.
mênara: kn. 1 panggungan dhuwur ana ing wêwêngkon mêsjid ut. greja; 2 ([x] gêni) panggungan dhuwur ing dhuwur nganggo diyan (ting gêdhe) kanggo ancêr-ancêr panuduhing prau kang lêlayaran ing wayah bêngi.
mênatu: (mênatos êngg. k) pc. pênatu.
mênawa: n. mênawi k. 1 yèn; 2 mungguh ing (-aku, kowe lsp); 3 (bok [x]) bisa uga; 4 pc. yèn ora mêngkono mundhak; mung [x]-[x] (ut. [x]-mênawi) pc: isih durung mêsthi.
mêndal-mêndal: kn. yèn diênêtake mêndat bali (kc. karèt, bal lsp).
mêndamêl: k. mênggawe.
mêndap-mêndip: pc. 1 wis mèh mati; 2 kuwatir bangêt.
mêndat: kn. mêntul, mêmbat.
mêndat-mêndut: kn. obah ngêpir.
mêndat-mêntul: kn. mêntul-mêntul.

mêndèl: kn. nothol, ngabruk; kc. pêndèl.
mêndêking: kn. 1 êngg. larang pangan, pacêklik; 2 (mêtêng [x]) ak. mêtêng kang kaping 3, 5, 7 lsp.
mêndêlap-mêndêlip: pc. mêndap-mêndip.
mêndêlêm: êngg. kn. wadhah banyu kang digawe bathok.
mêndêlêp: pc. mlêbu (ing bolongan).
mêndêlik: kn. mênga amba (matane).
mêndêlo: kn. 1 katon gêdhe mêtu (tmr. mata); 2 êngg. pc. gumun bangêt (nganti ora kêdhèp-kêdhèp).
mêndêm: kn. wuru ki. 1 krasa nggiyêr (ut. lali apa-apa) marga dayaning inuman kêras, kêcubung lsp; 2 ent. lagi kêbangêtên ênggone sênêng, kumudu-kudu diurmati; [x]-i: njalari mêndêm; kc. êndêm.
mêndêng: kn. mêlêng, mindêng; kc. pêndêng.
mêndi: êngg. êndi.
mêndip-mêndip: pc. mèh mati; kc. mêndap-mêndip.
mêndir: kn. ak. mlindêr panggawean; kc. pêndir.
mêndirang: kn. ak. ngingêtake ngêndi-êndi.
mêndiring: kn. krasa wêdi (miris).
mêndlap-mêndlip: pc. mêndap-mêndip.
mêndul: kn. rada abuh (tmr. mata); kc. pêndul.
mênduli: êngg. kn. maculi lêmah garing; kc. pêndul.
mêndut: kn. 1 (ut. [x]-[x]) obah-obah ngêpir; 2 ar. panganan.
mêndolo: êngg. pc. pambêkan, umuk.
mêndrap-mêndrip: pc. mêndap-mêndip.
mênjait: kn. 1 ndondomi klambi lsp; (tukang [x]) gêrji.
mênjalin: êngg. kn. pênjalin.
mênjalma, mênjanma: kw. dadi manungsa.
mênjangan: n. sangsam k. ar. kewan bngs. kidang.
mênjèng: kn. ampas wijèn (sawise dijupuk lêngane).
mênjele: pc. katon mêtu mlênte.
mênjêlut: kn. krasa pating pêndhêkêl ing wêtêng.
mênjêro: n. mlêbêt k. mênyang ing jêro, mlêbu.
mênjila: kn. 1 mêncil dhewe, rada anèh; 2 ngijèn.
mênjurung: kn. ak. nyumbang; kc. jurung.
mênjuluk: kn. mingsêr (nggangsur) munggah (tmr. wong turu, têturon).
mênjutu, mênjoto: kn. abuh (bênjut) mêtu.
--- 307 ---
mêndha ~ mêntal.
mêndha: kn. rada suda, ora bangêt-bangêt.
mêndhak: I kn. rada ndhungkluk (tandha taklim); 2 rada mudhun (tmr. cagak, omah lsp); rada amblêg (tmr. lêmah, liwêt), ora munjuk (tmr. cacing ing wêtêng), suda (tmr. lêlara, kawanèn); kc. êndhak. II kn: alèn-alèn sanggan ukiran (ing kêris). III ([x] pisan, [x] pindho) kn. slamêtan wong mati mbênêri dina ajale (sataun, rong taun); kc. pêndhak.
mêndhak-mêndhukul: kn. ora wrata (pating brênjul).

mêndhala-giri: kn. ak. ar. lurik (tênunan).
mêndhalungan: kn. 1 êngg. pranakan campuran, jinis campuran; 2 pc. gunêman ora karuwan unggah-ungguhe; kc. gêndhalung.
mêndhang: êngg. kn. kulit bêras kang lêmbut bangêt; [x] kêbaratan pr: ora karuwan padunungane.
mêndhapa, mêndhapi: kw. pêndhapa.
mêndhapan: kn. ak. mlaku mêndhak-mêndhak (tandha urmat bangêt).
mêndhe: kn. ak. lèrèn, mandhêg; kc. êndhe.
mandhegani: kw. mangarêpi, nglurahi; kc. pandhega.
mêndhèlès: pc. ora pêrdulèn, kurang ajar, mbèlèng bae.
mêndhèsèl: kn. ak. mêndhisil.
mêndhêk: kn. 1 ak. mêndhak; 2 êngg. ndhodhok; 3 êngg. ar. ama pari; kc. mêndhak.
mêndhêkêl: kn. 1 mblêndhuk (ngrênjêl)[10] atos; 2 ([x] atine) krasa rada mangkêl, sêrik.
mêndhêlis, mêndhêlus: kn. ak. katon mêncungul irêng klimis.
mêndhêlong: kn. 1 kêndho banjur mêngisor (tmr. tali, tampar lsp); 2 pc. mari mêmpêng.
mêndhêm: kn. 1 nglêbokake ing lêmah banjur diurugi; 2 ks. ngubur; 3 pc. ora mêtu-mêtu saka ing omah, ndhêlik; kc. pêndhêm.
mêndhêm kula: ([x] raga) kw. nyamur laku, ora ngatonake pangkate (kaluhurane).
mêndhêt: k. amèk; 2 njupuk; 3 ngêpèk; kc. pêndhêt, pèk.
mêndhikil: kn. mbrênjul sathithik.
mêndhil: pc. tai tikus; kc. cêmêndhil.
mêndhing: êngg. luwung, rada lumayan.
mêndhiri: kw. kc. mandhiri.
mêndhisil: kn. mêncungul lan mbrênjul sathithik.
mêndhuh-mêndhuh: êngg. ak. mbiyêt bangêt (wohe), akèh nganti turah-turah.
mêndhukul: kn. mbrênjul bangêt (nganti kaya gumuk).
mêndhulus: kn. ak. saèm. mêndhêlis, mêndhêlus (nanging luwih bangêt).
mêndhung: kn. 1 mega irêng (ngatarani arêp udan); 2 ana ut. kasaput ing mega irêng (ngarêpake udan).
mêndhusul, mêndhosol: kn. saèm. mêndhisil (nanging luwih gêdhe).
mêndhuwur: n. mênginggil k. mênyang ing dhuwur, munggah.
mêndho: êngg. ak. 1 durung atos (satêngah matêng) tmr. gula krambil lsp; 2 bodho, rada gêndhêng.
mêndhokol: kn. 1 mêndhukul; 2 mbrênjul (nggrênjêl) atos, mêndhêkêl; 3 êngg. pc. mangkêl bangêt, sêrik.
mêndhon: (-an) êngg. kn. wong bodho; kc. mêndho.
mêndhot: êngg. kn. mbiyêt wohe, onte-ontean.
mêne: kw. 1 mêngko; 2 (ut. sa-[x]) saiki; 3 êngg. sesuk.
mênèh: pc. manèh.
mênèk: kn. ak. mênawa, bok mênawa.

mênêb: kn. 1 êndhêg-êndhêge wis padha ana ing dhasar; 2 pc. wis sarèh, ora nêpsu; kc. ênêb.
mênêng: n. kèndêl k. 1 ora nywara; 2 ora obah; kc. ênêng.
mênêngên: kn. mênyang ing têngên; kc. panêngên, têngên.
mênêr: kn. 1 ngênêr ing; 2 êngg. kêna ing, ngênani; kc. pênêr, bênêr.
mênêri: n. nglêrêsi k. mbênêri, nuju ing; kc. bênêr.
mênêsêl: êngg. pc. gêtun, kêduwung.
mênêt: (-ake) kn. midih, ngênêtake; kc. ênêt, pênêt.
mênig-mênig: pc. dhêg-dhêgan, kuwatir.
mênik: kn. kêmbang lombok.
mênika: k. pc. iki, iku, ika.
mênilêm: êngg. k. nginêp; kc. tilêm.
mêninga: k. ak. wêruh; kc. uninga.
mêningi: k. mênangi.
mêning-mêning: pc. rêsik, bêcik.
mênir: I kn. tugêlan bêras ut. jagung kang lêmbut-lêmbut; [x]-an: 1 mênir; 2 ar. panganan kang digawe mênir; 3 ar. têtuwuhan godhonge digawe tamba (jamu). II (W) kn. tuwan.
mênirên: (-lambene) pc. kêsêl cangkême marga kakehan gunêman.
mênis-mênis: pc. katon klimis gilap (tmr. barang bundêr cilik).
mênit: I pc. wis adoh bangêt (ênggone mlayu, mlaku). II kn: 1/60 jam.
(mênmên): di-[x]-ake pc. dipêrlokake bangêt; kc. têmên.
mênuhi: kw. ngêbaki, akèh bangêt; kc. pênuh.
mênuk-mênuk: pc. katon gêdhe êmpuk.
mênul-mênul: pc. êmpuk sêmu plikêt (sêga lsp).
mênunuk: kn. ak. mêndhukul.
mênungsa: pc. manungsa, manusa.
mênur: kn. 1 ak. slaka; 2 bngs. kêmbang mlathi; 3 pêpêthan kêmbang (dianggo rêrênggan, pêpasrèn); 4 ak. putih, pucêt (tmr. slaka lsp).
mênus: dudu [x] pc. dudu wong (bangêt, kêbangêtên).
mênusa: pc. manusa.
mênut: kn. 1/60 jam.
mênuwa, mênowa: êngg. kn. ar. woh (buah nona).
mêntah: kn. 1 durung matêng; 2 durung diolah (digodhog, dimasak); têgês liyane dadi kosok baline kang kasêbut ing matêng; di-[x]-i ak: diêndhêg-êndhêgi (tmr. rêmbugan lsp), dijugari.
mêntal: êngg. kn. mêndal, mêndat.
--- 308 ---
mêntala ~ mênthik.
mêntala, mêntalan: kn. têgêlan; kc. wêntala.
mêntaos: kn. ar. têtuwuhan sok digawe bumbu rokok.
mêntas: kn. 1 munggah saka ing banyu (wong adus ing kali lsp), mênyang (têkan) ing dharatan; 2 luwar saka ing (bêbaya, kangelan); 3 wis diomah-omahake (tmr. anak); 4 lagi bae kêlakon; kc. êntas, pêntasan.
mêntega: pc. mêrtega.

mêntèrèng, mêntering: êngg. kn. sandhangan gadhuhan (pawèhing bêndara).
mêntêlung: kn. tumiyung (tmr. pang).
mêntêr-mêntêr: pc. katon bundêr akèh banyune susu (tmr. susu).
mêntês: kn. ana isine, ora gabug (tmr. pari lsp).
mêntiyung: kn. saèm. mêntêlung marga kakehan woh lsp.
mêntul: (-mêntul) kn. mêmbat mêndal-mêndal.
mêntog: pc. pantog.
mêntrik: kw. para nyai ing pratapan.
mêncak: kn. main pêncak; [x]-[x] pc: nêpsu bangêt.
mêncala-putra mêncala putri: kw. bisa molah-malih.
mêncalang: êngg. kn. pulisi desa.
mêncangah: êngg. kn. katon sumringah saras (tmr. praèn).
mêncangul: kn. ak. ndhugal, ora idhêp isin.
mêncar: kn. njêngar sumêbar, mratani; kc. pêncar.
mêncèngèh: pc. sumringah(-abang).
mêncèngèl: pc. katon maju.
mêncèrèt: kn. gilap bangêt (marga digosok lsp).
mêncèt: êngg. kn. mijêt, mèjèt; kc. pêncèt.
mêncêb: (-mêncêb) kn. kêbak bangêt.
mêncêlat: pc. 1 mêsêlat[11] adoh; 2 ([x] dhewe) mênjila.
mêncêlèk: pc. mênga (tmr. mata, palanangan).
mêncêning: êngg. kn. katon bêcik (rêsik); kuning [x]: kuning rêsik.
mêncêno: pc. mêncêngèh.
mêncêngèh: pc. katon cêtha (marga cêdhak bangêt).
mêncêngèl: pc. katon maju.
mêncêngès: pc. nyêngèngès, mringis.
mêncêngis: pc. mêncèngès.
mêncêngoh, mêncêngol: pc. mêncêngèh.
mêncêrêng: kn. katon sêrêng pamandênge; kc. pancêrêng.
mêncil: kn. 1 ngijèn, mênjila; 2 pc. mbêncèt; kc. pêncil.
mêncilak: kn. mênga katon sêrêng (tmr. mata); kc. pêncilak.
mêncing: êngg. kn. njaluk ujuran; kc. pêncing.
mêncingis: pc. mêtu pucuke sathithik.
mêncingkar: êngg. kn. dhewe.
mêncir: I êngg. nothok. II [x]-[x], [x]-i êngg: 1 mrênca; 2 pating prênca; 3 ijèn, ndhewe; kc. pêncir.
mêncira: êngg. kn. mênjila.
mêncit: kn. 1 têkan ing pucuk ut. puncak (mènèk lsp); 2 pc. bangêt, up. cilaka [x].
mênclok: êngg. kn. mbacok, mêncok, nêgor; kc. pênclok.
mêncu: kn. awangun kaya pêncu; kc. pêncu.
mêncug: êngg. kn. nyugag, njujug (ora diurutake); kc. pêncug.
mêncul: kn. ndhugal, ugal-ugalan; kc. gêcul.
mênculat: kn. mêncolot adoh (kodhok lsp).
mêncungul: kn. katon mêtu êndhase dhisik (saka ing banyu lsp).
mêncurat: kn. muncrat (tmr. banyu lsp).

mêncurêng: kn. mêncêrêng matane marga nêpsu.
mêncok: êngg. kn. mbacok, nêgor; kc. pêncok.
mêncolèng: pc. mbêncolèng.
mêncolot: kn. mlumpat bantêr; kc. colot, pancolot.
mêncono: kn. 1 abuh gêdhe sêmu maju; 2 pc. murang tata.
mêncongol: pc. saèm. mêncungul.
mêncorong: kn. katon sumorot padhang; kc. corong, pancorong.
mêncorot: kn. ak. padhang mawa cahya.
mênthalèt, mênthalit: kn. 1 sikile digubêdake ing; 2 pc. mubêng mingêr gunême; kc. pênthalèt.
mênthang: kn. 1 narik (gêndhewa lsp); 2 njèrèng ditarik (wlulang lsp); 3 nyalib; kc. pênthang.
mênthangul: kn. ak. mêncangul.
mêntheyot: pc. rêkasa lakune (kabotan gawan).
mênthèk: kn. ar. ama pari oyode dipangan bngs. ulêr (gugon tuhone dipangani setan cilik-cilik).
mênthelang: kn. ndhugal, kurang ajar.
mênthelas: pc. gundhul klimis; kc. mênthilas.
mênthele, mênthèlès: pc. mêndhèlès.
mênthèng: kn. saèm. mênthang; [x] kèlèk pc. 1 tangane dipêthènthèngake; 2 ora nggugu, wani madoni, tansah mêntahi rêmbug; kc. pênthèng.
mênthèngèl: kn. (têturon) êndhase njèngèk.
mênthèrake: ak. 1 nêrangake, ngandharake; 2 (-ati) mbungahake; kc. pênthèr, pêthèr.
mênthès: êngg. pc. mêthès; kc. pênthès, pêthès.
mênthèsèl: pc. mêndhèsèl.
mênthêk: (-mênthêk) kn. 1 katon lêmu; 2 pt.[12] warêg bangêt; 3 ([x] atine) pc. bungah, mantêp.
mênthêl: êngg. pc. mrênthêl (bisa nyèlèngi lsp).
mênthêlèt: kn. 1 nglêmpèt (wêtênge); 2 pc. rêkasa (nyambutgawe); kc. pênthêlèt.
mênthêlêng: kn. mandêng ora kêdhèp-kêdhèp; kc. pênthêlêng.
mênthêng-mênthêng: kn. 1 mlênthung (abuh) kêncêng bangêt; 2 pc. katon mêmpêng bangêt; 3 pc. wis mêmpêng (têtêp) tmr. kasaguhan sêmayan lsp.
mênthêngêl: pc. sajak ora pêrdulèn.
mênthêngil: pc. mênthingil.
mênthêr: êngg. bribil (½ sèn).
mênthiyèt: pc. mêntheyot.
mênthik: I cilik [x] kn. cilik bangêt. II [x]-an êngg. kn. genjah, wis tuwa sadurunge mangsa panèn (tmr. pari sawah, panèn).
--- 309 ---
mênthil ~ mêngilèn.
mênthil: kn. 1 kaya pênthil; 2 ngginyêr-ginyêr pênthil; kc. pênthil.
mênthilas: kn. gundhul plonthos.
mênthing: êngg. kn. ar. prau cilik (dianggo misaya iwak).

mênthingil: kn. mêncungul (mêtu) sathithik.
mênthuyut: êngg. mêntheyot.
mênthul: pc. 1 saèm. mbêndhol, mênthol; 2 katon nyêmpluk (tmr. pawadonan); 3 mbarang pênthul (topèng lucon); kc. pênthul.
mênthung: (-i) kn. nggêbug(-i) nganggo pênthung; kc. pênthung.
mênthungu: l kn. mêncungul.
mênthur: kn. putih bangêt (tmr. sêga, bêras lsp).
mênthol: kn. njêndhul, kaya pênthol.
mêntholos: pc. 1 katon mênthelas; 2 katon gêdhe klimis.
mênthong: êngg. nabuh kênthongan; kc. pênthongan.
mênthongol: pc. saèm. mênthungul, mêncongol.
mênthoros, mêntoros: pc. katon cêtha (ora kêtutupan).
mênyak: kn. ak. midak; kc. pênyak.
mênyambik: êngg. kn. mênyawak.
mênyan: kn. bngs. blêndok dianggo kutug; [x] madu: mênyan putih.
mênyanyi: (M) kn. rêngêng-rêngêng (rêrêpèn) lagu Eropah ut. Mlayu.
mênyang: pc. n. dhatêng k. 1 marang; 2 lunga ut. mangkat ngênêr ing, up. [x] Sala; [x]-i n. ndhatêngi k. ak: nêkani; [x]-an kn. ak: 1 lakon, lungan; 2 sênêng mênyang ing.
mênyar-mênyir: êngg. 1 ora kukuh; 2 (-atine) gojag-gajêg, ora têtêp.
mênyat: kn. 1 wiwit (ngayati) ngadêg saka palinggihan; 2 êngg. pc. ngadêg tumandang, lunga.
mênyawak: kn. ar. kewan rumangkang saèm. slira nanging cilik.
mênyènyèh: pc. nyènyèh tmr. tatu, gudhig lsp.
mênyènyèng: pc. rada ndhugal.
mênyèr, mênyir: pc. tipis bangêt, miyur.
mênyèt: pc. mènyèt.
mênyêd, mênyêt: kn. 1 mijêt, ngênêtake; 2 nglêmbutake sarana diwênyêd; kc. pênyêt, wênyêd.
mênyês: pc. nyênêngake (tmr. tingkah, swara lsp).
mênyêsêl: êngg. pc. gêtun, kêduwung.
mênyu: kn. ak. gilap kaya pênyu; kc. pênyu.
mênyuk, mênyok: êngg. pc. midak tlethong lsp.
mênyunyang: kn. ndhugal, kurang-ajar, ora manutan.
mênyunyu, mênyunyung: kn. ak. mênyonyo.
mênyonyo: kn. abuh ing bathuk (êndhas) marga kêjêglug lsp.
mênyonyong: kn. ak. mênyonyo.
mênyoro: êngg. kn. anak mênjangan.
mêng: I êngg. mung. II êngg: mênyang, marang. III êngg. pc: rada wêgah, awang-awangên.
mênga: kn. 1 ora (mari) tumutup; 2 ([x] atine) kêna diajak rêmbugan, bisa lêga (olèh yèn dijêjaluki); kc. wênga.
mêngagêngi: k. mênggêdhèni; kc. panggêdhe.
mêngalor: n. mêngalèr k. mênyang (ngênêr) ing lor.
mêngandhap: k. mêngisor.
mêngani: kn. ngêngakake lawang marang; kc. mênga, wênga.

mêngangah: kn. 1 katon abang murub (tmr. gêni); 2 katon abang raine.
mênganggo: n. mêngangge k. mêngagêm ki. nganggo sandhangan; kc. panganggo.
mêngarab-arab: kw. murub mubyar.
mêngaras: kw. ngambung; kc. aras.
mêngarêp: n. mêngajêng k. maju ingarêp; [x]-i: dadi pêngarêp; kc. pangarêp.
mêngarêp-arêp: n. mêngajêng-ajêng k. ak. ngarêp-arêp.
mêngarsa: kw. mêngarêp.
mangarsa-arsa: kw. ngarêp-arêp.
mêngarsani: kw. mêngarêpi.
mêngastani: kw. ngalêm, nyêmbah.
mêngèngèh: kn. ak. polataning wong ngguyu.
mêngèngès: kn. ak. nyêngèngès.
mêngetan: kn. mênyang ing wetan; kc. pangetan.
mêngêng: I kw. mbrêngêngêng. II 1 kw. judhêg, ngênglêng; 2 durung cumêtha; 3 durung ana putusane kang gumathok.
mêngêrti: n. mêngêrtos k. pc. ngêrti.
mêngês: (-mêngês) kn. irêng sêmu gilap.
mênggah: I k. mungguh. II [x]-[x] kw: gunêman pêdhot-pêdhot, mênggèh-mênggèh.
mênggak: kn. nyandhêt, ngelikake; kc. pênggak.
mênggalih: ki. mikir; kc. panggalih, pikir.
mênggang: êngg. kn. mbênggang; kc. pênggang.
mênggaota: kn. nindakake pagawean; kc. panggaota.
mênggawe: n. mêndamêl k. ngguna-gawe; kc. panggawe.
mênggèh-mênggèh: kn. rêkasa ambêkane.
mênggêdhèni: n. mêngagêngi k. dadi panggêdhe mungguh ing; kc. panggêdhe.
mênggêl: êngg. kn. ngêthok-ngêthok; kc. pênggêl.
mênggêp: kw. katon pantês (patut) bangêt.
mênggêpokan: pc. magêpokan.
mênggêr: kn. dumunung ing papan kang dhuwur. katon gêdhe dhuwur (tmr. gunung).
mênggik: kn. tipis (cilik) ing têngah (tmr. barang kang dawa); [x] mênthol: ora lurus (ana kang mênggik ana kang mênthol); kc. ênggik.
mêngguk: kn. bngs. lara mêngi (napas).
mênggung: pc. tumênggung.
mênggos-mênggos: êngg. krênggosan (ambêkane).
mênggrak-mênggrik, mênggrik-mênggrik: kn. kuru bangêt (lêlaranên).
mêngi: kn. lara napas.
mêngidul: kn. mênyang ing kidul; kc. pangidul.
mêngilèn: k. mêngulon.
--- 310 ---
mênging ~ mêrdamêl.
mênging: kn. ngelikake, nglarangi; kc. pênging.

mênginggil: k. mêndhuwur.
mêngingis: kn. ak. mêringis.
mêngisor: n. mêngandhap k. mênyang ingisor; kc. pangisor.
mêngiwa: kn. mênyang ing sisih kiwa; kc. pangiwa.
mêngkab: kn. mênga nglingkab; kc. êngkab.
mêngkak: kn. ([x] atine) judhêg, susah; kuna [x] pc. kuna bangêt.
mêngkakna, mêngkakêne, mêngkanane, mêngkane: êngg. mangka.
mêngkana: n. mêngkatên k. ak. kaya kae.
mêngkang: êngg. kn. mbênggang kanthi kêkuwatan; kc. wêngkang.
mêngkarag: kn. njênggrag[13] wulune (rambute) marga wêdi.
mêngkarèk: pc. rèwèl, ngguguk karêpe dhewe.
mêngkatên: êngg. k. mêngkana.
mêngke: pc. k. mêngko.
mêngkèh: êngg. pc. mangke; kc. mêngke.
mêngkene: n. makatên k. kaya iki; dimêngkènèkake: ditindakake kaya mêngkene.
mêngkènèk, mêngkènèn: êngg. mêngkene.
mêngkètên: êngg. k. mêngkene.
mêngkêk-mêngkêk: kn. ak. kukuh ora blendra-blendre, nyathok kêncêng (ora owah-owah); kc. mêngkak.
mêngkêlang: 1 kn. atos (tmr. sêsukêr); 2 kw. ora manut, wangkal, mbêguguk.
mêngkêluk: kn. mbêngkêluk: kc. pêngkêluk.
mêngkêlung: kn. ak. mêntiyung nêkuk; kc. pêngkêlung.
mêngkêr: k. mungkur; [x]-i(-akên) k. ngungkuri, ngungkurake; kc. ungkur, pungkur, pêngkêr.
mêngkêrêd: kn. suda dawane, kb. mulur; kc. pêngkêrêd.
mêngkêruk: êngg. kn. mlêruk, mrêngut.
mêngkik: êngg. pc. mênggik.
mêngkin: êngg. k. mêngko.
mêngkirig: kn. rada njêgrag wulune (wêdi bangêt).
mêngkis-mêngkis: kn. rêkasa ambêkane, mênggèh-mênggèh.
mêngku: kn. 1 nguwasani, ngêrèhake; 2 duwe sêsanggan ngrêmbug (anak, brayat lsp); 3 ngrêngkuh kalawan sabar; kc. wêngku.
mêngkuhi: kn. ak. mbêngkuk (gêgêr lsp).
mêngkul: kw. ngrangkul; kc. pêngkul.
mêngkurah: êngg. kn. 1 ak. kayu amping-amping (pêpagêr) ing kuburan; 2 pipitan lênga krambil.
mêngkurêb: kn. 1 sumèlèh perangane kang ing dhuwur ana ing ngisor; 2 têturon ungkêb-ungkêb; kc. kurêb.
mêngkus-mêngkus: kn. ak. mêngkis-mêngkis.
mêngko: n. mangke k. 1 wêktu kang tumuli bakal kêlakon; 2 sadhela êngkas; 3 ([x] ta, [x] dhisik) sarèh dhisik (aja kêsusu); 4 ([x] sêlak) bok mênawa bae ..., mundhak ...; 5 (ing [x], sa-[x], dina [x], mangsa [x], jaman [x]) saiki; [x] awan (bêngi, [x] sore): awan (bêngi, sore) kang bakal kêlakon; [x] esuk êngg: sesuk; [x] anyar, [x] iki êngg: kang mêntas kêlakon iki, anyar iki.

mêngkoni: kn. 1 nguwasani, ngêrèh, duwe sêsanggan ngrêmbug (anak, brayat lsp); 2 ngêtrapi wêngku; kc. wêngku.
mêngkono: n. makatên k. kaya iku, kaya kuwi; dimêngkonokake: ditindakake mêngkono.
mêngkono mau: [x] uga n. makatên wau, [x] ugi k. lan uga.
mêngkonok, mêngkonon: êngg. mêngkono.
mêngkorog: kn. njêgrag rambute (wulune) marga wêdi.
mêngkos-mêngkos: kn. ak. krênggosan, mêngkis-mêngkis bangêt.
mêngkotên: êngg. k. mêngkono, mêngkene.
mêngkrêd: pc. mêngkêrêd.
mênglayang: kw. nglayang; kc. layang.
mêngulon: n. mêngilèn k. mênyang ing sisih kulon; kc. kulon, pangulon.
mêngung: kn. mbêngung.
mêngsah: k. mungsuh.
mêpaki: kn. 1 pêpak bangêt; 2 muwuhi supaya pêpak; kc. pêpak.
mêpêg: I kn. mêkak; kc. pêpêg. II [x] birai kn. wis mangsane birai.
mêpêki: kn. ak. mêpaki.
mêpêr: kn. 1 nyuda landhêpe; 2 nyirêp nêpsu lsp; kc. pêpêr.
mêpês: kn. 1 tata lan ringkês (ênggone sila); 2 ut. [x]-ake) agawe pêpês; kc. pêpês.
mêpêt: (-i) kn. 1 mbuntu (dalan lsp); 2 ngêndhêgake (ilining gêtih lsp); kc. pêpêt.
mêprêl: êngg. kn. mèprèl.
mêpro: pc. nyonyah.
mêrah-mêruh: êngg. kn. rêgêd, mblêdêr.
mêrak: I kn. ar. manuk kang wulune endah bangêt; [x]-an: ar. sukêt. II êngg. kn. nyêdhak, mara; kc. pêrak. III kn. ak. gawe cokak; kc. wêrak.
mêrang: I kn. 1 gaganging pari; 2 êngg. kulit gabah. II êngg. kn. mbacok, namakake lêlandhêp; [x]-i ak. nglawan, pêrang mungsuh ..., kc. pêrang.
mêrasa: n. mêraos k. 1 mirasa, enak bangêt; 2 ak. ngrasa, rumangsa.
mêrbabak: kn. ak. kaca-kaca matane (arêp nangis, muring).
mêrbal: kn. gawe palapuran; kc. pêrbal.
mêrban: kn. mblêbêd tatu lsp; kc. pêrban.
mêrbangbang: kw. bang-bang wetan (wayah esuk).
mêrbêbêng: kw. mêrbêng-mêrbêng.
mêrbêng-mêrbêng: kn. ak. abang raine (marga kêpranan, nêpsu).
mêrbês: kn. ak. mbrêbês.
mêrbês mêlês: pc. susah (gêtun) bangêt.
mêrbês mili: kn. ngêtokake luh.
mêrbuk: kw. ([x] wangi) sumêrbak awangi.
mêrbung: kuna [x] kn. kuna bangêt.
mêrbot: kn. punggawa mêsjid.
mêrdagang: kn. ak. dêdagangan; kc. dagang.
mêrdaya: kw. maeka, ngapusi.
mêrdamêl: k. êngg. mêrgawe.

mêrdangga: kw. gamêlan.
mêrdapa: kw. trubus; kc. pradapa.
mêrdawa: kw. kc. mardawa.
mêrdèni: kn. njarwani, nêgêsi, nêrangake; kc. wêrdi.
mêrdesa: n. mêrdhusun k. ak. mênyang ing desa; kc. mara-desa.
mêrdêng: êngg. ak. adrêng bangêt, sêlak pêrlu.
mêrdi: kn. 1 mulang-muruk (nggêgulang) supaya ...; 2 ngudi, mêrsudi; kc. pêrdi.
mêrdi desa: êngg. kn. bêrsih desa.
mêrdika: kw. mardika.
mêrdikani: kw. mêrdèni; kc. pardika.
mêrdu: kw. alus, lêmês, nyênêngake; kc. mrêdu.
mêrdud: kn. ak. ora nrima, mbangkang.
mêrduli: kn. pêrduli marang; kc. pêrduli.
mêrdondi: kn. ak. padon, sulaya; kc. pêrdondi.
mêrjaya: kw. ngalahake, matèni.
mêrjan: kn. bngs. kewan sêgara ing karang-karang sok digawe rêrênggan.
mêrjao, mêrjauh: pc. mêjao.
mêrjit-mêrjit: kn. merang-merang.
mêrdhayoh: n. mêrtamu k. ak. maradhayoh.
mêrdhatêng: kw. mêntas têka, nênêka.
mêrdhukuh: kn. ak. dhêdhukuh; kc. dhukuh.
mêrdhukun: kn. ak. mêdhukun.
mêrdhusun: k. mêrdesa.
mêre: I kn. nywara mbêkèr (kêthèk lsp). II pc. mire.
mêrèkake: êngg. ngupamakake.
mêrêg: êngg. ak. mbêrêg (rajakaya); kc. wêrêg.
mêrêk: êngg. ak. nyêdhak; kc. pêrak.
mêrêm: kn. 1 ora mêlèk, tumutup tmr. mata, 2 pc. ora ngrêmbug marang sanak sêdulur, ora duwe wêlas.
mêrêm-mêlik: (-mêlèk) kn. 1 ora bisa turu kêpenak; 2 tansah kuwatir (sumêlang).
mêrêpi: kw. nyêdhaki, marani; kc. pêrêp.
mêrês: kn. 1 mèjèt (ngênêt) supaya apuh; 2 ngêpuh susu sapi lsp; 3 mêksa (ngêtog) budi lsp; kc. pêrês.
mêrga: I kw. dalan; kc. marga. II n. mêrgi k. pc. marga (jalaran).
mêrgag, mêrgak: pc. rêgag, ringa-ringa.
mêrgagah: pc. mbêgagah.
mêrgaya: êngg. atidaya, pirangbara; ora [x] êngg. ora sapiraa.
mêrgana: kw. panah.
mêrgangsa: kw. kalang [x]) tukang kayu, blandhong.
mêrgawe: n. mêrdamêl k. êngg: nyambut-gawe; kc. mêgawe.
mêrgègèh: pc. mbêgagah.
mêrgènggèng: pc. mbêrgènggèng.

mêrgêdud: pc. mbrêgêdud.
mêrgêgêg: pc. mbêgêgêg.
mêrgi: I k. dalan. II k. pc. marga (jalaran).
mêrgigih: pc. mbêgigih.
mêrgil: kn. ak. misah, ndhewe.
mêrgujug: pc. gumrujug (ing wêtêng).
mêrguyokake: n. mêrgujêngakên k. ak. lucu; kc. guyu.
mêrgul: kn. nglapis êmas; kc. pêrgul.
mêrgogok: pc. mbêgogok.
mêrgoki: pc. kêpêthuk karo, kêtêmu karo.
mêri: kn. anak bèbèk.
mêrit: kn. 1 saya mucuk saya cilik, ora mbêmbêng; 2 cilik dhuwur larase (tmr. swara).
mêryayang, mêryangyang: kw. dadi lêlêmbut (dewa).
mêrkah: pc. mlêkah.
mêrkayangan: 1 kw. munggah ing kayangan; 2 êngg. ak. dhanyang.
mêrkakah: kn. ak. saèm. mbêgagah.
mêrkaki: êngg. kn. 1 tuwa(-pikun); 2 wong sing wis jêmpo ora kawajibake nggarap gawe ing padesan; kc. mara-kaki.
mêrkangkang: kn. sikile njênggar (ing nalikane turon, tiba lsp).
mêrkara: n. mêrkawis k. pc. mrakara; kc. prakara.
mêrkasa: kn. ak. mêksa; kc. prakasa.
mêrkata: kw. jumêrut.
mêrkatak: kn. 1 wiwit padha kuning (tmr. pari ing sawah); 2 ak. nywara krètèk-krètèk.
mêrkèkèh: kn. mêrkakah, mbêgagah.
mêrkèngkèng: kn. mêrkangkang, mêrkèkèh.
mêrkèngkong: pc. ngewuhake, rèwèl.
mêrkènco: pc. ngewuhake, rèwèl.
mêrkètèk: pc. nywara krètèk-krètèk (gêni lsp).
mêrkewuh: n. mêrkèwêd k. pc. mêkewuh.
mêrkênêng: kn. kêncêng (tmr. urat, otot); kc. pêrkênêng.
mêrkêngkêng: kn. 1 kêncêng kêngkêng; 2 ent. cukêng, puguh.
mêrkêtêk: pc. nywara rêkêtêk-rêkêtêk.
mêrki: kn. 1 tuma pitik; 2 êngg. sindap.
mêrkiyu: kn. ak. kiyu, cape (tmr. tangan).
mêrkinding, mêrkinting: pc. krasa mrinding (ing kulit).
mêrkinyèh, mêrkinyih: pc. mênyènyèh (gudhig lsp).
mêrkitik: kn. 1 nywara kritik-kritik (gêni lsp); 2 pc. sêrik bangêt, nêpsu batin.
mêrkungkung: kn. mêkungkung.
mêrkunung: êngg. kn. nggugu karêpe dhewe.
mêrkutu: I ut. mêrkotok kn. pating pruntus kasar (tmr. kulit). II kn. ak: mêksa, njiyat, miyagah; kc. pêrkutuk.
mêrkongkong: kn. mêkongkong.
mêrkosa: kn. ak. mêksa, njiyat; kc. prakosa.
mêrlik: kn. kêlip-kêlip cilik.

mêrlokake: nganggêp pêrlu; kc. pêrlu.
mêrlos: kn. ak. nglèrèni, mocot; kc. pêrlos.
mêrmumuh: pc. abuh ngêmu nanah (tmr. gudhig).
mêrmomong: kn. ak. murub mêngangah.
mêrna: n. mêrni k. ak. ngêcèt, nyungging; mêrnani, mêrnakake n. mêrnèni k. ak. nganani, mujudi; kc. warna, wêrna.
mêrnah: kn. manggon ing; kc. pêrnah.
mêrnèni: êngg. pc. warna-warna.
--- 312 ---
mêrnèng-mêrnèng ~ mêtèntèng.
mêrnèng-mêrnèng: pc. katon bêcik panggonane.
mêrnèsi: pc. kêmayu, gumagus; kc. pêrnès.
mêrnis: kn. nglapis nganggo pêrnis; kc. pêrnis.
mêrnyanyang: kw. mêryangyang.
mêrngangas, mêrngèngès, mêrngingis, mêrngongos: kn. ak. mringis, mrongos.
mêruhi: n. nyumêrêpi k. mriksani ki. 1 wêruh marang; 2 ndêlêng; kc. wêruh.
mêrung: kn. ak. ngêthok kuping; kc. pêrung.
mêrpak, mêrpêk: êngg. kn. wis cêpak.
mêrpat: pc. manca-papat (tangga desa).
mêrpêk: êngg. mêrpak; mêrpêki kw. nyêdhaki, mara.
mêrpêt: êngg. kn. pêtêng bangêt marga mêndhung.
mêrsabêni, mêrsabênake: awèh wêruh; kc. pêrsabên.
mêrsalah: êngg. pc. tumindak salah.
mêrsanak: kn. ak; nyanak-nyanak; kc. sanak.
mêrsèni: kn. mènèhi pêrsèn.
mêrsêkoti: pc. mènèhi pêrsêkot.
mêrsihi: êngg. ak. ngrêsiki; kc. bêrsih.
mêrsil: kn. mbukak (duwe, gawe) pêrsil.
mêrsudi: kn. nggêgulang, ngudi; kc. pêrsudi.
mêrsul: êngg. kn. ndhugal, nakal.
mêrsut: êngg. kn. mêrsul.
mêrsobat: êngg. pc. nyanak, mêmitran karo.
mêrtal: pc. nyalin ing basa liya; kc. pêrtal.
mêrtamu: k. mêrdhayoh.
mêrtani: n. mêrtèni, mêrtôsi k. ak. ngabari; kc. warta.
mêrtandhu: êngg. kn. nyêkêl (nganggo) sawah minangka panyauring utang.
mêrtanggung: n. mêrtanggêl k. tanggung-tanggung, ora gêdhe ora cilik, ora cukup.
mêrtapa: kn. nglakoni tapa.
mêrtega: kn. puhan dikênthêlake lan diasin.
mêrtelani, mêrtelakake: nêrangake marang; kc. pratela.
mêrtèni: êngg. pc. ngopèni; kc. pêrti.
mêrti desa: êngg. kn. bêrsih desa.
mêrtinjo: êngg. ak. tilik, mêdhayoh; kc. tinjo.

mêrtingkah: kn. ak. kakehan pratingkah; kc. pratingkah.
mêrtuwi: kn. ak. tilik.
mêrtobat: êngg. kn. kapok, kêduwung; kc. tobat.
mêrtongtong: kn. ak. njêngêr mandêng (nyawang).
mêrtosi, mêrtosakên: k. mêrtani, mêrtakake; kc. warta.
mêrtowin: ora [x] ak. ora patia.
mêrtyu: kw. 1 blêdhèg; 2 gêni, urubing gêni.
mêrcaya: n. mêrcados k. pc. pracaya marang; kc. pracaya.
mêrcon: kn. lintingan obat yèn disumêd bisa muni.
mêrwasa: kw. milara, niksa; kc. prawasa.
mêrwinci: êngg. kn. mrinci-mrinci; kc. pêrwinci.
mêsa: pc. mêksa.
mêsah: êngg. k. mungsuh.
mêsail: kn. ak. watu lsp. dianggo jimat.
mêsakake: 1 wêlas marang; 2 mêmêlas.
mêsanggrahan: kn. ak. lèrèn (lêrêb) ana ing pasanggrahan.
mêsasa: êngg. kn. mêksa.
mêsat: kn. ak. mêncolot nggêblas, mabur; kc. pêsat.
mêsbuk, mêsbok: kn. ak. masbuk.
mêsjid: pc. masjid.
Mêsèhi: kn. Kristên.
mêsêng: êngg. kn. masang.
mêsês: I kw. nywara kumrosak (angin, prahara). II kn. ak. nyandhang mênganggo sarwa becik.
mêsgul: kn. susah, sêrik; kc. masgul.
mêsi: I kn. atos kaya wêsi. II kn. pamêksi.
mêsigit: pc. masjid.
mêsih: êngg. isih.
mêsiyasat: kn. ak. niksa, ngukum; kc. wêsiyasat.
mêsin: (W) kn. 1 piranti mawa rodha dilakokake sarana asêp, bènsin ut. tangan; 2 ([x] mênjait) piranti dianggo ndondomi.
mêsin-mabur: kn. montor mabur.
mêsisani: kn. ak. mbabarpisani, ngrampungake; kc. wêsisan.
mêski: êngg. ak. sênadyan.
mêsu: kn. ngêtog kakuwatan (budi lsp); kc. pêsu.
mêsud: êngg. kn. ngusap, mbêsut; kc. pêsud.
mêsum: êngg. kn. 1 ak. katon acum (pucêt); 2 aras-arasên, lêsu.
mêsusi: êngg. mususi (bêras).
mêsoyi: kn. ar. klika dianggo bumbu (jamu).
mêspir: kn. intên tiron.
mêsri: êngg. kn. mêsi, pamêksi.
mêstagèn: kn. ak. sêtagèn.
mêstail: êngg. kn. mokal, nglêngkara.
mêstak: kn. peranganing kathok kang kapênêr ing lakang.
mêstaka: pc. mastaka.
mêstani: k. ngarani; kc. wasta.
mêstar: (-an) kn. ak. saèm. garisan.

mêstèr: (-an) kn. jrambah diplêstèr.
mêstri: kn. ak. 1 mèstêr (sêbutan); 2 dhukun; dimêstrèkake ak: 1 dikon nggarap marang; 2 wis kêpanjingan (sarana dibuwang ing kuburan, papan kang angkêr lsp).
mêsthi: kn. 1 (ut. mêsthèkake) nêtêpake ing sadurunge; 2 wis têtêp (tmr. kèhe, wêktune); 3 pc. trêp kaya, wis sapantêse, patut-patute; kc. pêsthi.
mêt: êngg. kn. trêp, cèplês.
mêta: kw. nêpsu bangêt.
mêtagihi: kn. ak. njalari kêtagihan.
mêtahakên: k. mutuhake; kc. wutuh.
mêtak: k. ak. mêndhêm, ngubur; kc. pêtak.
mêtaki: êngg. kn. nggusah sarana nggêtak; kc. pêtak.
mêtal: pc. logam.
mêtara: n. mêtawis k. ngira-ira; kc. watara.
mêtèhi: êngg. pc. wayang potèhi.
mêtèntèng: pc. ngewak-ewakake (gumaib) pratingkahe.
--- 313 ---
mêtengge ~ mêthèthu.
mêtengge: pc. linggih ndêgèg.
mêtènggèng: pc. linggih ing papan kang dhuwur.
mêtete: pc. mêtu mete-mete.
mêtêk: I 1 kn. ngênêtake sêru; 2 (ut. [x]-i) ki. mijêti; 3 pc. mênêt, mlindêr pagawean; kc. pêtêk. II êngg. mêndhêm; kc. pêtak.
mêtêl: kn. ngênêtake sêru; kc. pêtêl.
mêtêng: 1 n. wawrat k. mbobot ki. ngandhut jabang-bayi ing wêtêngan; 2 kn. wis diisèni (tmr. bêdhil lsp); kc. wêtêng.
mêtêngan: I kn. ak. wong-wong picak kang diopèni priyayi gêdhe. II êngg. ak. bngs. pulisi kapêtêngan, jaga malêm.
mêtênggêng: pc. linggih ora obah-obah.
mêtêngi: kn. njalari pêtêng; kc. pêtêng.
mêtis: kn. gawe pêtis.
mêtu: n. mêdal k. miyos ki. 1 mênyang ut. têkan ing jaba (saka ing jêro); 2 (saka ing guwa garba); 5 dicap lan diumumake (tmr. layang kabar, buku lsp); 6 ngêtokake woh (tmr. têtanduran); 7 dibayarake, dipasokake; 8 thukul ut. tuwuh (tmr. rambut, untu, lsp) 9 lèrèn saka ing (pagawean, pamulangan lsp); kc. mêtoni, wêtu.
mêtuk, mêtung: êngg. pc. mêtu ing (liwat ing).
mêtoni: n. mêdali k. 1 mêtu ing; 2 ngaton ut. maju ing (paprangan, pasamuwan lsp); 3 bisa duwe anak; kc. mêtu, wêtu.
mêtontong, mêtotong: pc. katon mêtu dawa.
mêtoto: pc. saèm. mêtete nanging luwih gêdhe.
mêca: kn. 1 ak. walèh, kandha blaka; 2 ngandhakake bakal anane lêlakon; kc. pêca, wêca.
mêcah: kn. 1 agawe pêcah; 2 pêcah dhewe (tmr. wudun lsp); 3 merang-merang; 4 ngrusak (pakumpulan, prajanjian lsp); 5 ak. miyak (ngandharake) wadi; kc. pêcah.

mêcak: I kn. ak. midak; [x]-i: ngukur nganggo sikil; kc. pêcak. II pc: wurung, jugar. III [x]-i kn. mbumboni iwak; kc. pêcak. IV [x]-ake kn. ak: mêca bab; kc. wêca.
mêcalang: n. mêcambêng k. ak. dadi pacalang.
mêcat: kn. 1 nyopot, mbêdhat; 2 mocot, nglèrèni; [x]-i L sêkarat ngarêpake mati; kc. pêcat.
mêcèdhèl, mêcèdhèt: pc. mêtu jêroane.
mêcèl(-i): kn. ngêthoki kayu (rèncèk lsp); kc. pêcèl.
mêcete, mêcèthèt: pc. 1 sanalika mêtu peranganing kang jêro (jêroane, isine); 2 ks. lair; kc. cèthèt.
mêcece: pc. katon gumaib.
mêcethot: pc. 1 mlethot, mencong-mencong; 2 ora ana nyatane (tmr. kasaguhan lsp).
mêcêl: kn. olah pêcêl.
mêcêngès, mêcêngis: pc. katon mak pringis.
mêcing: êngg. kn. njaluk pêcingan; kc. pêcing.
mêcir-mêcir: kn. ak. mung pating prêncil (sathithik-sathithik).
mêcicil: kn. mêndêlik matane ora kêdhèp-kêdhèp.
mêcithat: kn. 1 katon nyênthang njêgrag (tmr. alis); 2 katon amba mênthêlêng (tmr. mata); 3 pc. umuk, gumaib.
mêcuk mêcukilan: kn. mèlu ngrasakake enake, mèlu nganggo.
mêcut: kn. nyabêt nganggo pêcut; kc. pêcut.
mêcucu, mêcoco: kn. cangkême maju.
mêcuthat: pc. saèm. mênculat.
mêcohi, mêcrohi: kn. 1 notholi, ngabruki; 2 tansah ngajak padu; kc. pêcoh.
mêcok: kn. ngêthok (mbacok) pang; kc. pêcok.
mêcoto, mêcothot: kn. saèm. mêcèthèt nanging luwih akèh.
mêtha: kn. 1 mangun, nggambar; 2 mujudake; kc. pêtha.
mêthak: k. mutih; kc. putih, pêthak.
mêthakil: pc. 1 sikile mênthalit; 2 sugih reka ala; kc. pêthakil.
mêthakol: pc. sikile nggubêd ing (wit lsp).
mêthal: kn. misah supaya pêthal; 2 pisah karo; kc. pêthal.
mêthanthang, mêthangthang: kn. linggih lsp. sikile dijênggarake.
mêthangkus, mêthangkrus: kn. ak. ambêk kuwasa, nggugu karêpe dhewe.
mêthangkrèk, mêthangkrik, mêthangkring, mêthangkling, mêthangkruk, mêthangkrong, mêthangkrok: pc. linggih (ngangkrok) ing papan kang dhuwur.
mêthar: kn. ak. mêlar (tmr. gêlang lsp); kc. pêthar.
mêthat: I kn. ak. nyopot, mêcat; [x]-ake sikil pc. mbêgagahake; kc. pêthat. II [x]-i ki: njungkati; kc. pêthat.
mêthathus: pc. nyêthathus.
mêthèk: kn. 1 mêca; 2 mbêdhèk; kc. pêthèk.
mêthèklu: êngg. mêthêkul.
mêthekol, mêthêkêl: pc. kêncêng kiyêng tmr. lêngên lsp.
mêthèl: kn. namakake pêthèl; kc. pêthèl.

mêthènthèng, mêthèngthèng: kn. tangane ditrap ing bangkekan (umuk, nêdya wani).
mêthèngkrak: pc. (linggih) sajak pambêkan (umuk).
mêthèngkrang: kn. linggih sikile diunggahake.
mêthèngkrèng: kn. linggih ing pinggir ut. ing papan kang dhuwur.
mêthèngsèt: êngg. pc. linggih mbêngkuk.
mêthèr: kn. mêlar amba (tmr. gêlang lsp); kc. pêthèr.
mêthès: kn. mulang muruk kalawan kêrêng; kc. pêthès.
mêthêsèl: pc. cilik nanging kiyêng (tmr. pawakan).
mêthèt: I kn. ngêlih tanduran ing tamanan lsp; kc. pêthèt. II [x]-i kn: nyêthèti nganggo driji.
mêthethah: pc. linggih sikile njênggar.
mêthethe, mêthèthèk, mêthèthèng: pc. (pawakan cilik nanging) katon pambêkan.
mêthèthèh: pc. wêtênge katon njêmbluk (ing nalikane linggih).
mêthèthu, mêthetho: êngg. pc. mongkog, bungah.
--- 314 ---
mêthêkêl ~ migut-migut.
mêthêkêl: pc. mêthekol.
mêthêkul: kn. tumungkul sêngkut pamangane.
mêthêl: êngg. kn. mbêdhêl.
mêthêli: kn. srêgêp bangêt (ênggone nyambut gawe); kc. pêthêl.
mêthênthêng: pc. katon kêncêng (otote lsp); kc. pêthênthêng.
mêthêngkrêng: pc. linggih ora obah-obah.
mêthêngkrus: pc. linggih ora tumandang apa-apa.
mêthêngthêng: pc. mêthênthêng.
mêthêt: I kn. ngêthok pucuke; kc. pêthêt. II êngg. kn. mbêdhêl.
mêthêthêk: pc. mbêthêthêt.
mêthik: kn. ngundhuh woh (kêmbang lsp); 2 mirit; kc. pêthik.
mêthil: kn. mêdhot gantilan lsp; kc. pêthil.
mêthingil: pc. mênthingil.
mêthingkrak, mêthingkrang, mêthingkrik, mêthingkring: pc. linggih ing papan kang dhuwur.
mêthingthing, mêthinthing: pc. sarwa kêncêng singsêt (ênggone mênganggo).
mêthit: kn. 1 têkan ing pêthit (pucuk); 2 mêrit, saya cilik; kc. pêthit.
mêthithil: pc. cêthil bangêt.
mêthithit: pc. mbêthithit.
mêthuk: kn. mapag(-ake); kc. pêthuk.
mêthul: êngg. kn. kêthul.
mêthunthang: êngg. kn. ndugal, nakal.
mêthunthêng, mêthungthêng: pc. (irêng [x]) irêng bangêt.
mêthunthung, mêthungthung: pc. mlênthung gêdhe.
mêthungkruk, mêthungkrung: pc. linggih (ngadêg) mbêngkuk.
mêthur: êngg. kn. katon gêdhe êmpuk (tmr. srabi, apêm lsp).
mêthuthuk: pc. awujud punthukan.
mêthoki: kn. ak. nuthuki paju lsp; kc. pêthok.

mêtholi: êngg. kn. 1 notholi; 2 nggêmpuri gêmpalan lêmah; kc. pêthol.
mêthongkrong: pc. ndhodhok (ing papan kang dhuwur).
mêthongsot: pc. saèm. mêthongkrong (mbungkuk).
mêthot: kn. 1 narik (nyopot lsp) kanthi pêksa; 2 misah, mêgat; kc. pêthot.
mêthothok: pc. linggih (turon) sikile mênga.
mêwahi: k. muwuhi.
mêwêr: kw. nggulung, nglinting, nglunthung; kc. wêwêr.
mêwês: kn. ak. mêksa, ngêtog.
mi: (C) kn. glêpung diasin digawe sluwiran.
miangkuhi: kw. ngrêngkuh kalawan angkuh; kc. piangkuh.
miarsa: kw. krungu; kc. miyarsa, piarsa.
mibah: êngg. k. mubah.
mibêr: kn. mabur; kc. ibêr.
mibur: êngg. kn. mabur.
midadarèni: kn. 1 êngg. ndhadhari (rêmbulan); 2 (slamêtan lsp) ing bêngi ngarêpake kêtêmune pangantèn; kc. widadari.
midak: kn. ngidak, mênyak; kc. pidak, idak.
midana: kw. ngukum, niksa; kc. pidana.
midèni: I êngg. kn. nanjihake (mbalèni) ngetung; kc. widi. II êngg: nglilani, ngidini; kc. idi.
midêk: êngg. midak.
midêr: kn. lunga mênyang ing êndi-êndi (mubêng-mubêng); kc. idêr.
midêrêng: kw. kumudu-kudu, nyrêmpêng; kc. pidêrêng, dêrêng.
midid: kn. sumribit alon lan ajêg (tmr. lakuning angin).
midih: I kn. ngênêtake, mênêt; kc. pidih. II kn. ngusiri (nglapis) nganggo pidih; kc. pidih.
midik-midik: kn. ak. namat-namatake; kc. widik.
miduli: êngg. mêrduli.
miduwung: kn. ak. kêduwung.
midosa: kw. nganggêp dosa marang; kc. dosa.
mijah: I êngg. kn. metung, milang; kc. wijah. II kn: 1 mênyang ing pêntasan (sawah lsp, tmr. iwak loh); 2 ak. mubra-mubru, akèh bangêt; kc. wijah.
mijèn: kn. ak. (ut. dimijèkake) dipilah (ditêtêpake) mung kanggo (panjênênganing ratu, mirunggan lsp); kc. miji, piji.
mijèni: kn. 1 nyêbari (mènèhi) wiji; 2 njalari; 3 (ut. mijèkake) nurun-nurunake; kc. wiji.
mijêr: kn. ngusari nganggo pijêr; kc. pijêr.
mijêt: kn. 1 ngênêtake sêru; 2 (mêtêk ki) ngênêtake lan ngurut badan; kc. pijêt.
miji: kn. 1 matah akon nindakake kang mligi; 2 êngg. kang dipiji (dipijèkake); kc. piji.
mijiki: ki. misuhi; kc. wisuh.
mijil: I kn. ak. mêtu; kc. wijil. II kn: ar. têmbang macapat.
mijir, mijrah: kn. ak. ngetung-etung, milang; kc. pijir, pijrah.

midhang: kn. 1 êngg. lêledhang, lunga sênêng-sênêng; 2 lunga ngluwari ujar mênyang ing papan kang kêlumrah dianggo ngluwari ujar; kc. idhang.
midhangan: kw. pundhak.
midhangêt: ki. ngrungu, krungu; kc. pidhangêt.
midhe: I kn. ak. nyambung nganggo anthok; kc. widhe. II kn. ak. tuku iwak daging (ora mbêlèh dhewe ing nalikane duwe gawe); kc. widhèn.
midhêt: êngg. ks. turu.
midhun: êngg. mêdhun.
migag-migêg: pc. obah-obah ora maju-maju.
migag-migug: pc. mung obah-obah bae (marga kêlêmon lsp).
migêna: kw. ngribêdi, ngalang-alangi, mitênah; kc. wigêna.
miguna: kw. pintêr; migunani: maedahi; migunakake: nganggo; kc. guna, piguna, wiguna.
migung: kn. ak. nyimpang, nasar, nggiwar.
migut-migut: kn. obah-obah nglêmêr ora maju-maju.
--- 315 ---
mihak ~ mimang.
mihak: êngg. pc. ngênêr ing, ngiloni sasisih; kc. pihak.
mihun: (C) kn. saèm. mi nanging lêmbut.
miyaga: êngg. kn. niyaga.
miyagah: kn. nindakake apa-apa sarana awangan (kira-kira bae); kc. wiyagah, piyagah.
miyak: kn. 1 mbiyak lan nisihake; 2 mbukak (wadi lsp); kc. piyak, wiyak.
miyambak: k. ndhewe.
miyang: êngg. mênyang.
miyangga: 1 kw. ula; 2 kw. êngg. kodhok; 3 êngg. ar. dhêmit; 4 êngg. k. baya.
miyara: n. miyantên k. êngg. ngingu, ngopèni; kc. piyara.
miyarakên: k. ngambakake.
miyar-miyar: kn. nglêmir tipis (kc. sutra).
miyar-miyur: kn. ora kaku(-kukuh); kc. miyur.
miyarsa: I kw. ngrungu, krungu; miyarsakake kw: ngrungokake; kc. piyarsa. II êngg. ak. wêruh, nonton; kc. piyarsa, pirsa.
miyat: kw. ndêlêng, wêruh.
miyata: kw. mulang; kc. wiyata.
miyatani: kn. ak. kêna diêndêlake (mandi, digdaya, kuwat).
miyêg-miyêg: pc. rêkasa dening kabotan gêgawan.
miyêk: kn. ak. nindhês; kc. piyêk.
miyud-miyud: kn. mêntêlung mêntul-mêntul.
miyum: kw. mèsêm.
miyup: kw. niyup; kc. tumiyup (tiyup).
miyur: kn. 1 ora kaku, mêntul; 2 ora kukuh (atine).
miyos: ki. 1 mêtu; 2 lair; 3 êngg. lunga; kc. wêtu, wiyos.
mik: I pc. nusu, ngombe (têtêmbungan bocah). II êngg. pc. mung. III pc: dhisik; kc. dhimik.

mikalah: (-i) n. mikawon(-i) k. ak. ngalah(-i); kc. kalah, pikalah.
mikantuki: k. mikolèhi, makolèhi; kc. pakolèh.
mikara: kw. niksa, abêk[14] siya marang.
mikat: kn. golèk manuk; kc. pikat.
mikèni: kn. ak. kikrik.
miki: êngg. mau.
mikir: n. manah k. mênggalih, nggalih ki. nglêlimbang ing pikiran, ngrêmbug marang; kc. pikir.
mikul: n. ngrêmbat k. nggawa nganggo pikulan; kc. pikul.
mikrab: (A) kn. pangimaman (ing mêsjid).
mikrad: (A) kn. ak. munggah swarga saragane; kc. mekrad.
mikramakake: kw. ngomah-omahake (mbayangkare) kc. pikrama.
mil: kn. 1 ([x] dharat) 7420 m; 2 ([x] laut) 1609 m; 3 (kapal [x]) kapal kang nggawa layang-layang.
mila: k. mula.
milah: I (ut. [x]-[x], [x]-ake) kn. merang-merang, nyilah-nyilah; kc. pilah. II kn. nglulus kêris kang dianggo; kc. wilah.
milai: êngg. k. mulai.
milake, milakne, milakna: êngg. k. mulane.
milala: kn. ngajèni (ngêmi-êmi) bangêt; kc. pilala.
milalah: kn. ak. aluwung, milaur; kc. pilalah.
milalati: kn. ak. malati; kc. walat.
milalu, milampu: kn. ak. aluwung, angur, milalah; kc. pilalu.
milang: I n. mical k. ngetung, metung; kc. wilang. II êngg. k. mulang; kc. wulang.
milang kori: kn. (takon-takon lsp) anggêr omah dilêboni.
milang-miling: kn. ngingêtake (nênamatake) ngiwa nêngên arêp nggêgolèki, madik lsp; kc. iling.
milang usuk: kn. 1 ngetung usuk; 2 pc. têturon mlumah (kêsèd-kêsèdan).
milangoni: kw. nêngsêmake, nyênêngake, ngrêsêpake.
milaur: kn. aluwung, angur; kc. plaur.
milar: I kn. minglar, mlumpat nisih; kc. ilar. II kn. nyigar mujur; kc. pilar.
milara: n. misakit k. nggêbugi lsp, niksa; kc. pilara.
milasa: kw. mêlasi, asih marang; kc. wilasa.
milèh: êngg. milih.
milêg-milêg: pc. kêwarêgên bangêt.
milênggah: k. milungguh; kc. pilungguh.
milês: êngg. kn. 1 nguntir (tali lsp); 2 ngulêt; kc. pilêt.
milêt: I êngg. k. 1 mili; 2 mèlu; 3 milih. II [x]-i kn. ak. 1 nggubêdi; 2 mubad-mubêd (tmr. pêpadon); kc. wilêt.
mili: I kn. mlaku tmr. banyu (barang cuwèr); kc. ili. II kn. mm (1/1000 mètêr).
milih: kn. nggolèki kang disênêngi (kang bêcik); kc. pilih.
milik: I êngg. kn. melik. II êngg. ak. barang darbe, hak; di-[x]-i ak. didarbèni.

miling-miling: kn. ndêdêlêng arêp dituku (dianggo lsp).
milir: kn. manut ilining banyu (tmr. mrau) kb. mudhik; kc. ilir.
milis: êngg. k. milang, kc. wilang, wilis.
milisi: I kn. nèmplèki pilis; kc. pilis. II (W) kn: kawajiban dadi saradhadhu.
militèr: (W) kn. saradhadhu.
milu: êngg. mèlu.
milujêngi: k. nylamêti; kc. slamêt(-an).
milulu: kw. ngêmungake; kc. mlulu.
milungguh: (-ake) n. milenggah(-akên) k. ak: ngêlahake marang; kc. pilungguh.
milut: kn. ak. mulêt, pulêtan; kc. wilut.
miluta: kn. ak. ngarih-arih (nênarik ati); kc. piluta.
milo: kn. pamulangan Mulo (banjurane pamulangan wiwitan).
milok: êngg. pc. mèlu.
mimang: kn. oyod wringin (sok dianggo srana panulak bêbaya sarana dikêndhitake); kêndhit [x] kadang dewa pr: luput ing bêbaya (pangrenahing satru), nglangkahi oyod [x] pr: bingung.
--- 316 ---
mimba ~ minyik-minyik.
mimba: I kw. mêtu; kc. wimba. II kn. ak. ngèmpêri, niru; kc. emba, memba.
mimbar: kn. saèm. kursi dhuwur dianggo sêsorah (ing mêsjid).
mimbuhi: (mimbêti êngg. k) ak. ngimbuhi, ngundhaki; kc. wimbuh.
mimi: kn. bngs. yuyu sêgara kang gêdhe; kaya [x] lan mintuna pr: tansah runtang-runtung (ora pisah-pisah).
mimik: kn. bngs. mrutu.
mimir: I kn. bngs. baya cilik. II pc. nglêmir, tipis bangêt.
mimis: kn. pelor, punglu, gotri.
mimisên: kn. irunge mili gêtih.
mimpang: êngg. k. mênang.
mimpês: kn. kêmpès, kimpês; kc. impês.
mimpin: êngg. pc. nuntun (pakumpulan lsp).
mimrih: êngg. kn. mamrih, murih.
mimring: pc. tipis bangêt, nglêmir.
min: di-[x] kn. ak. dinunuti nganggo (maca lsp); kc. êmin.
mina: I kn. ak. wis mirunggan (turahan); diminakake ak. sêngaja diturahake, dianggo mirunggan. II (S) kw. iwak loh.
minak-minuk: pc. lêmu ginuk-ginuk.
minal-minul: pc. wuda mblêjêd.
minantaka: (S) kw. ak. juru misaya iwak.
minantên: êngg. k. mênawa.
minangka: kn. kang dadi, dianggo ...; minangkani: nuruti, nglêksanani, nganani; kc. pinangka.
minangsi: br. dimangsi; kc. mangsi.
minangsraya: êngg. kn. (njaluk) pitulungan; kc. sraya.
minaraki: ki. ak. nglinggihi; kc. pinarak.

minat: kn. ak. pantês ut. sêdhêngan (tmr. wèwèh); ora [x]: ora majad (= lumrah); sa-[x]-e: sakadare, sakuwasane (tmr. wèwèh).
minda: êngg. k. wêdhus.
mindah: pc. mendah.
mindaka, mindakani: kw. nêdya mblela, mrêngkang (nêdya ngrusak).
mindêl: êngg. mèndêl.
mindêng: I kn. ak. mêlêng, mêndêng marang; kc. pindêng. II sadina [x] êngg: sadina muput; kc. indêng.
mindêr liring: kw. tansah nyawang; kc. pindêr.
mindi: I ut. mindoni kn. ndokoki windu ing sumur; kc. windu. II êngg. kn. gumun bangêt (lan rada mangkêl); kc. minggu.
mindring: êngg. pc. têtuku sarana nicil, cicilan; cina [x]: cina singkèk kang padha sêsaba ing padesan motang-motangake dhuwit ut. nicilake jarit lsp; di-[x]-ake êngg. pc. diêdol sarana cicilan.
mindha: I êngg. k. wêdhus. II kw. ngemba, niru, ngèmpêri; kc. pindha.
mindhah: I êngg. k. 1 misah; 2 mêgat; kc. pindhah. II [x]-i êngg. k. milihi; kc. pindhah. III k. ngêlih; kc. pindhah. IV ut. [x]-an êngg. k. misan(-an). V êngg. k: milih.
mindhak: k. mundhak; kc. undhak, indhak.
mindhik-mindhik: kn. mlaku alon jangkahe ciyut.
mindho: n. ngaping kalih k. 1 ngambali mênèh kang kapindho; 2 nindakake kang kapindho; sêdulur [x](-an): sêdulur tunggal êmbah buyut; [x] gawe ([x] gawèni) kn. ora mbabarpisani (kêpêksa ndandak[15] mindhoni); kc. pindho.
minêb: kn. tumutup (tmr. lawang lsp); kc. inêb.
minêngsah: kw. minungsuh (dimungsuh, ditêmpuh).
minihi: kn. ak. mijèni; kc. winih.
mining-mining: pc. katon abang (tmr. rai, mêntas kêpanasên); kc. manang-manang.
ministêr: (W) kn. nayaka(ning praja).
minuk-minuk: kn. katon lêmu ginum-ginuk.
minul-minul: pc. 1 katon lêmu (nanging êmpuk); 2 wuda mblêjêt.
minule: kw. diaji-aji; kc. mule, mulya.
minulya: 1 kw. diluhurake; 2 (kang [x]) panyêbut (sêbutan) marang wong kang apangkat luhur; kc. mulya.
minum: 1 kw. ngombe; 2 kn. ngombe inuman kêras; [x]-an: inuman kêras; kc. inum.
minungsuh: n. minêngsah k. kw. dimungsuh, ditêmpuh.
minta: I ut. [x]-[x] kn. nêtêpake sapira kèhe kang kudu dianggo lsp; kc. pinta. II kw: njaluk.
mintaksama: kw. njaluk pangapura.
mintar: kw. lunga; kc. mentar.
mintên: k. mira; kc. pira.
mintêri: kn. ngrekani, ngapusi; kc. pintêr.
mintip-mintip: pc. mêtu sathithik pucuke, ungak-ungak nginjên; kc. intip.
mintuhu: kn. ak. mituhu.

mintuna: 1 kw. ak. jodho, lanang wadon; 2 kn. mimi wadon.
mintokake, mintoni, mintonake: nyêmantakake: kc. pinton.
mincar-mincur: êngg. kn. ora jêjêg (lakune).
mincis-mincis: êngg. kn. katon ayu.
mincla-mincle: êngg. pc. mencla-mencle.
minthag-minthug: pc. mlaku migag-migug marga kêlêmon.
minthak-minthik: pc. tansah têka bae.
minthal-minthul: pc. wuda (tmr. bocah wadon).
minthêl-minthêl: pc. katon lêmu.
minthi: kn. anak menthog; [x]-[x] pc: katon njêmbling (tmr. wêtêng).
minthug-minthug: pc. kc. minthag-minthug.
minyak: I êngg. pc. midak, minyak; kc. pênyak. II êngg. lênga.
minyik-minyik: pc. 1 mlaku jangkahe ciyut (kaya lakune wong wadon); 2 lagi mêntas wiwit (lagi arêp miwiti.
--- 317 ---
ming ~ miring.
ming: I kn. ([x] pindho, [x] têlu lsp) ngambali kang kaping pindho, têlu lsp, saambalan ping pindho, têlu lsp; kc. ming. II êngg. mung; di-[x]-ake pc: dirèmèhake. III êngg. 1 mênyang ing; 2 marang; 3 ing. IV êngg. pc. nanging.
mingak-minguk: kn. ak. lingak-linguk; kc. inguk.
mingar-mingêr: kn. 1 tansah mingêr; 2 pc. ora blaka; kc. ingêr, mingêr.
mingat: kw. ndêlêng, nyawang, ngingêtake.
minge, mingi: kn. ak. mengo.
mingêr: kn. mengo, menggok (ora ngarêpake); kc. ingêr.
mingêt-mingêt: kw. ndêdêlêng, ngingêtake.
minggah: k. munggah.
minggat: kn. lunga nggêblas; kc. inggat.
minggêl: êngg. kn. nugêl-nugêl; kc. pinggêl.
minggêtake: (minggêti) ati pc. nyêrikake ati; kc. pinggêt.
minggir: kn. mênyang ing pinggir, liwat ing pinggir; [x]-an: manggon ing pinggir (kali); kc. pinggir.
minggu: I kn. ak. mênêng bae (êmoh mangsuli), nggêglêg. II kn. 1 êngg. pc. dina Ngahad; 2 waktu pitung dina (6 dina tmr. wong nyambut gawe); kc. minggon.
minggun: kn. ak. suminggun.
minggung: kw. gonjing, orêg.
minggol: êngg. pc. bènggol (2½ sèn).
minggon: kn. 1 sabên minggu (wêtune, bayarane lsp); 2 êngg. pc. plêsir-plêsir ing dina Ngahad).
minggrang-minggring: kn. ora cak-cêk panyêkêle, rada wêdi.
mingid-mingid: kn. katon landhêp bangêt.
minging: kw. ngambar awangi.
mingip-mingip: kn. mêtu sathithik pucuke (êndhase).
mingis: I kw. ngaton, katon (siyunge lsp). II [x]-[x] pc. landhêp bangêt.
mingit: kn. ak. ndhêlikake kalawan prêmati; kc. pingit.

mingka: pc. atos kaya wingka.
mingkar: (-mingkur) kn. ak. nisihi, nyimpangi.
mingkara: kw. nglawan, nêmpuh, mêksa; mingkarani bêbaya kw: nanggulang bêbaya.
mingkêd: pc. mingsêt (owah saka ênggone).
mingkêg-mingkêg: pc. mingkug-mingkug.
mingkêm: kn. 1 tumutup cangkême; 2 pc. ora gunêman; kc. ingkêm.
mingkis: 1 kw ngêngakake, mbukak. mbiyak (lambe lsp); 3 êngg. nancutake, nancutake lan nguntir lêngênan klambi lsp; kc. wingkis.
mingklik-mingklik: pc. 1 ana ing papan kang dhuwur; 2 ent. dhiri bangêt.
mingkug-mingkug: kn. rêkasa lakune (ajune) marga kêlêmon.
mingkuh: kn. ak. nêdya ngêmohi (nyingkiri) kawajiban lsp.
mingkung: kw. êmoh, nampik.
mingkup: kn. tumutup, ora mêgar; kc. ingkup.
mingkur: kn. ak. nisihi, nyimpangi, ngêmohi.
mingkus: kn. ora jêmbar (tmr. dhadha). mringkus; kc. ingkus.
mingkrang: pc. (sikile) tumumpang ing papan kang dhuwur.
minglar: kw. milar, mlumpat nisih.
minglêp: kn. (mêtu) nuli mlêbu manèh; kc. mingslêp.
minguk-minguk: kn. ak. nginguk, ngungak mlêbu; kc. inguk.
mingut-mingut: kn. nêpsu bangêt (katon ing raine).
mingsa: êngg. k. kêbo.
mingsêd: kn. 1 mingsêr ngalih sathithik; 2 ent. lunga; kc. ingsêd.
mingsêg-mingsêg: kn. nangis sênggruk-sênggruk.
mingsêl-mingsêl: pc. katon lêmu wêwêg.
mingsêr: kn. 1 nglasut alihan ênggon; 2 ganti ênggon (pangkat lsp); kc. ingsêr.
mingsil: pc. misil.
mingslêp: kn. mêncungul banjur mlêbu manèh; kc. ingslêp.
mingsra: pc. misra.
mingsri: êngg. pc. 1 pamêtu; 2 klèlèt.
miun: kn. saèm. mi nanging lêmbut.
mipakat: êngg. k. mupakat.
mipi: I ([x] kori, [x] lawang) kn. ana ing pipining lawang (kori). II kw: ngimpi.
mipih: kn. ak. nuthuki êmas lsp; kc. pipih.
mipik: pc. madik, tuku sandhangan; kc. pipik.
mipil: kn. 1 mêthili jagung; 2 êngg. mbayar, ngêsahi; kc. pipil.
mipis: kn. nglêmbutake ing pipisan; kc. pipis.
mipit: kn. 1 gawe lênga sarana diprès; 2 pc. nindhês; kc. pipit.
mir: kn. ak. ([x] atine) tansah sumêlang.
mira, mirang: n. mintên k: siji-sijine pira(-pirang).
miradati: kn. ak: golèk srana; kc. wiradat.
mirah: I kn. murah. II 1 kw. abang; 2 kn. intên abang.
mirak: êngg. kn. mêgat; kc. pirak.
miranti: n. mirantos k. pêpak ubarampene, wis sêdiya; kc. piranti.

(mirang): mêmirang, [x]-ake kn. gawe wirang; kc. wirang.
mirasa: n. miraos k. 1 enak bangêt; 2 nyurasa; kc. wirasa.
mire: kn. nisih nyimpang, nggiwar.
mirêng: k. ngrungu, krungu; dipun[x]-i(-akên) k. dirungoni, dirungokake; kc. rungu, pirêng.
miri: pc. kêmiri.
mirib: kn. ngèmpêri, mèmpêr karo; kc. irib.
mirid: kn. 1 miturut, niru; 2 ([x]sangka) miturut sangka; 3 mêthik (kêkarangan lsp); kc. pirid.
mirik: êngg. kn. mindêng, nuju marang; kc. pirik.
miring: kn. 1 ora methok (saka ingiringan), ora jêjêg (rada nisih); 2 mayat, ndhoyong; 3 durung têtêp (tmr. wangsulan, rêmbugan); 4 pc. rada murah (tmr. rêrêgan); 5 ([x]utake) pc. rada gêndhêng; mêmiringi [mêmi...]
--- 318 ---
[...ringi] ak. nênuturi ora dicêplosake; kc. iring, piring.
miris ~ miwal.
miris: kn. ([x] atine) wêdi sarta sumêlang.
mirma, mirmakake: kn. 1 wêlas marang; 2 mrayogakake murih bêcik; kc. pirma.
mirmir: pc. nglêmir, tipis bangêt.
miru, mironi: kn. gawe wiron; kc. wiru.
mirud: (-kerud) kw. larud kèli, katut kabuncang, kèli.
miruda: I kw. (êngg. k): minggat. II kw: karêp.
mirungga: kn. 1 ak. mligi, pilah karo liyane; 2 anèh; 3 (ut. mirunggan) wuwuhan kang mligi (nyêbal saka adate).
mirut: kn. ak. mêngkêrêd.
mirong: kn. ak. 1 ngêmulake kampuh (jarit) ing pundhak têrus nutupi badane (ent. susah bangêt, isin bangêt); 2 ora pêsaja, nêdya mblela, ngêdoh ora gêlêm kumpul; 3 (ut. merong) ar. gambar rêrênggan, ar. gêndhing; kc. rimong.
mirowang: kn. ak. mitulungi, ngrewangi.
mirsa: I ki. pc. wêruh; kc. pirsa, priksa. II kn. ak: krungu, ngrungu; kc. piyarsa, miyarsa.
mis: kurban [x], [x] suci kn. kurban suci ing agama Katolik.
misa: êngg. k. kêbo.
misah: kn. milah supaya ora gandhèng; kc. pisah.
misaya: kn. 1 ak. namakake wisaya; 2 ([x] iwak) golèk iwak; kc. wisaya.
misakake: êngg. pc. mêsakake.
misalin: n. misantun k. ak. mènèhi pisalin (sandhangan).
misan: (-an) kn. (sêdulur [x]) sêdulur tunggal êmbah.
misanjangi: k. ak. mitituri; kc. pitutur.
misani: kn. ak. ngupasi; kc. wisa.
misata: n. misados k. êngg. lêlungan; kc. wisata.
misbah, misbyah: (A) kn. saèm. meja ut. tumpukan watu dianggo nyaosake kurban.

misesa: kn. ak. 1 (ut. misesani) nguwasani; 2 niksa, mêksa; kc. wisesa.
misêpuh: k. 1 mituwa; 2 êngg. kamituwa.
misêr: kn. ak. mlintir, muntir; kc. pisêr.
misi: kn. babagan mêncarake agama (Katulik).
misih: êngg. pc. isih.
misik: kn. 1 ngandhani bab ngêlmu gaib; 2 mènèhi wangsit; 3 ak. ngingu (kewan) wiwit cilik mula; 4 ks. sanggama; kc. wisik.
misil: pc. kauntungan, pamêtu, pituwas.
misin: êngg. pc. mêsin.
mising: êngg. ak. ngising.
miskin: kw. mlarat.
misudha: kw. ngunggahake pangkat, ngangkat; kc. wisudha.
misuh: (-i) kn. ngucapake têmbung saru; kc. pisuh.
misuhi: kn. mijiki ki. ngrêsiki tangan lsp. nganggo banyu; kc. wisuh.
misungsung: (-ake) kn. mènèhake pisungsung.
misuwur: kn. kawruhan ing akèh (kapintêrane, jênênge lsp).
misowa, misowah, miswa, miswah: (C) kn. bngs. mihun lêmbut.
mispra: pc. muspra.
misra: kn. (ora [x]) (ora-) mbêjaji, (ora-) sumbut karo kangèlane.
misri: êngg. pc. 1 pamêtu; 2 klèlèt.
mistêr: kn. ak. mèstêr.
mit: I [x] sèwu pc. amit sèwu. II kn. kupluk (topi) saradhadhu. III pc: wiron ikêt (kang lêmbut).
mitaya: n. mitados, mitajêng k. pitaya marang; mitayani: kêna dipitaya; kc. pitaya.
mitambuh: (-i) n. mitambêt(-i) k. ak. ethok-ethok ora wêruh.
mitêdah: (-akên) k. mituduh(-ake); kc. pituduh.
mitênah: kn. 1 mialani liyan; 2 ngala-ala; kc. pitênah.
mitêrang: kn. ak. njaluk katêrangan; kc. pitêrang, têrang.
mitu: (-ng) kn. siji-sijine pitu(-ng).
mituduh: n. mitêdah k, ak: awèh pituduh marang; kc. pituduh.
mituhu: kn. sêtya, nggugu; kc. pituhu, tuhu.
mitulungi: kn. awèh pitulungan; kc. pitulung.
mitunani: kn. njalari tuna; kc. pituna, tuna.
mitung-dinani: kn. nylamêti pitung dina saka ajale.
mitungkasi: kn. ak. mêling, mêkas; kc. pitungkas.
miturut: kn. 1 manut, nggugu; 2 mirid saka; kc. piturut.
mitutur: kn. awèh pitutur marang; kc. pitutur.
mituwasi: kn. ak. mènèhi pituwas.
mitongtonake, mitontonake: nuduhake marang wong akèh; kc. pitongton.
mitra: kn. kanca kang rakêt; mêmitran: têtêpungan, kêkancan.
mitra-darma: kw. mitra kang bêcik bangêt.
mitrahi: kn. mènèhi pitrah tumrap marang; kc. pitrah.
mitraliyur: (W) pc. bêdhil mêsin.
micak: kn. 1 ethok-ethok picak; 2 ks. turu; kc. picak.
mical: k. milang.

micantên: k. 1 ak. micara; 2 ak. clathu.
micara: 1n. micantên k. ak) nggunêm bab; 2 kn. pintêr gunêman; kc. wicara.
micêk: êngg. ks. turu; kc. picak, picêk, micak.
micik: êngg. pc. mung tansah ngrêmbug butuhe dhewe.
micis: kn. ak. ngukum sarana diiris; kc. picis.
mithat: kn. milahake; [x]-i: milihi, banjur disilahake; kc. pithat.
mithês: kn. ngênêtake nganggo driji (jêmpol); kc. pithês.
mithêt: êngg. pc. mênêt, mèjèt; kc. pithêt.
mithing: kc. njapit nganggo pupu (sikil); kc. pithing.
miwah: k. muwah.
miwaha: kw. mulyakake (mbawahi) pêngantèn, pista; kc. wiwaha.
miwal: kn. ak. nulak, ngêmohi, nampik, nêdya uwal; kc. wiwal.
--- 319 ---
miwekani ~ mlèntèk.
miwekani: kn. ak. mrayitnani; kc. wiweka.
miwir: kn. njèrèng; kc. wiwir.
miwiti: kn. wiwit nindakake, mucuki; kc. wiwit.
myang: I êngg. mênyang. II kw. lan, karo; kc. mwang.
myat: kw. ndêlêng; kc. miyat.
mlajar: êngg. k. 1 mluku; 2 mlayu.
mlajêng: k. mlayu.
mlagangake: ak. ngenggalake gêdhene; kc. wlagang.
mlagar: êngg. ak. ngobong alang-alang lsp; kc. wlagar.
mlaha: pc. lêlahanan; kc. laha, wlaha.
mlaya: kw. lunga mrana-mrana; kc. malaya.
mlayan: êngg. kn. lumayan.
mlayu: n. mlajêng k. 1 mlaku bantêr; 2 minggat, miruda; 3 pc. lunga njaluk tulung marang; 4 pc. kalah, kasoran; kc. layu, playu.
mlaka: pc. kêmlaka.
mlaku: n. mlampah k. 1 obah (napakake) sikil maju; 2 ora mandhêg (tmr. jam, mêsin lsp); 3 bisa payu (tmr. dêdagangan); 4 tumindak mubêng (tmr. dhuwit kang dilakokake); 5 (-gawe) nindakake pagawean, cêkêl gawe; 6 êngg. mênyang ing papane wong duwe gawe lsp); 7 (ut. mlakoni) ak. njaluk, kumudu-kudu; [x]-[x] pc: dolan-dolan, mlancong; [x]-[x]-a ak. kumudu-kudu; kc. laku, lakon.
mlaksana: kw. 1 ngroda-pêksa; 2 ngukum; kc. plaksana.
mlala: kn. ak. milala.
mlalah: kn. ak. milalah.
mlalu, mlampu: kn. ak. angur, aluwung; kc. pilalu.
mlana: êngg. kn. lêlungan; kc. lêlana.
mlandakake: n. mlandèkakên k. ak. 1 nyalin ing basa Wlanda; 2 nyewakake omah marang kabudidayan; kc. Wlanda.
mlandani: n. mlandèni k. pambêkane kaya Wlanda.
mlandang: I kn. ak. nêmpuh; kc. plandhang. II êngg. kn. mêngarêpi, nglurahi; kc. wlandang. III êngg. kn. sêmpulur bangêt ênggone dêdagangan lsp.

mlandêr: êngg. ak. ngowahi, nyorèk; kc. plandêr.
mlanjêr: kn. mêtu planjêre; kc. planjêr.
mlanji, mlandhi: êngg. wis cumawis, rampung.
mlandhingan: kn. kêmlandhingan.
mlantar: éngg. kn. bênthèt.
mlantên: kn. ak. masuhi, mutih; kc. wlantên.
mlantrah, mlantrang: kn. ak. nglambrang; kc. plantrang.
mlancong: kn. mlaku-mlaku, plêsir, klintong-klintong.
mlanthang: kn. ak. mepe diglanthang; kc. planthang.
mlanthir: êngg. kn. gawe planthir; kc. planthir.
mlanggar: pc. nêrak, nrêjang; kc. planggaran, langgar.
mlanggêri: kn. ak. nglarangi, nganggêr-anggêri; kc. planggêran.
mlanggrangake: numpangake ing planggrangan; kc. planggrang.
mlangkah: kn. mlumpat ngungkuli; kc. langkah, plangkah.
mlangkring: kn. 1 mencok (linggih, ngadêg) ing papan kang dhuwur; 2 ngundhakake rêga (marga sing tuku katon sênêng); kc. plangkring.
mlangkruk, mlangkrong: pc. linggih ana ing papan kang dhuwur (ing pang lsp).
milaur: kn. ak. angur, aluwung; kc. pilaur.
mlapar: kn. ak. lubèr (banjir).
mlapati: kn. ak. ngilapati, nyasmitani, ngalamati.
mlara: kn. ak. milara; kc. pilara.
mlarah: êngg. kn. nggrayahi, nggrayangi.
mlarak: êngg. kn. nglarak; kc. larak, kêplarak.
mlarangi: kn. ak. tuku larang; kc. larang.
mlarat: kn. miskin, ora dêduwèn; [x]-i: njalari mlarat.
mlasah: kn. ak. mblasah.
mlas-asih: ([x] ayun, [x] arsa kw) kn. mêmêlas, mêsakake.
mlatah: pc. mratah, lumrah.
mlatar: êngg. kn. blatèr.
mlatuk: kn. 1 nucuk; 2 nuthuk (tmr. platuking bêdhil); 3 nêgor glugu; 4 ks. sanggama; kc. platuk.
mlathi: kn. ar. kêmbang.
mlathing: êngg. kn. sarwa tata bêcik.
mlathit: êngg. pc. gathekan, pintêr.
mlathok: kn. nyigar barang atos (kayu lsp); kc. plathok.
mlawang: kn. ak. ngêdhèng, ngêblak.
mlèhèr: kn. mblèbèr, mblabar; kc. lèbèr.
mlèdhèh: êngg. kn. mblêdhèh.
mlegung: kn. lèrèn njêrum ing sangisoring wit (tmr. sapi lsp); kc. plegung.
mlegrok: pc. mencok, andhok, manggrok.
(mleyat-)mleyot: kn. oyag-ayig mèncèng.
mlèyèk, mlèyèt, mlèyok: pc. pleyot.
mlèkèk: êngg. kn. mbêlèh, nyêmbêlèh; kc. plèkèk.
mlela: I kn. ak. katon cêtha, wela-wela. II wêsi [x]: waja irêng.

mlele, mlèlèk: pc. 1 mlolo (matane); 2 mung mênêng bae (ora tumandang).
mlèlèh: kn. ak. lèlèh, luluh.
mlèmbak: kw. lembak-lembak.
mlèmbang, mlèmbar, mlèmbat: kn. alihan ing panggonan liya; kc. lembat.
mlèmpèng: kn. ak. mèncèng; kc. plèmpèng.
mlenang: êngg. kn. 1 abang bangêt; 2 katon bêcik bangêt.
mlenas: êngg. kn. mênthilas (gundhul).
mlendo: pc. 1 ora nutugake panggarape; 2 ora tumama (marga kêthul lsp); 3 ora nêtêpi kasaguhane.
mlendhung: êngg. ak. lèrèn ngeyub, ngaub; kc. lindhung.
mlendho: kêndho [x] êngg. kêndho bangêt.
mlènèt: pc. mênêt sêru, mlèpèt.
mlèntèk: êngg. kn. têtakon (nggolèki) mrana-mrana; kc. plèntèk.
--- 320 ---
mlèntrèng - mlênthing.
mlèntrèng: pc. mlantrang.
mlèncèng, mlencong: pc. mèncèng, mencong.
mlenthas: kn. gundhul kabèh; kc. plenthas.
mlenthe: êngg. kn. laku ngiwa (tmr. wong wadon).
mlènthong: êngg. kn. mlethot, bengkong; kc. plenthong.
mlèncèh: kn. pêcah lan mêtu banyune (tmr. gudhig lsp).
mlèngèh: kn. tansah ngguyu (pasêmoning praèn).
mlèngko, mlèngkong: kn. ak. bengkong, mawa tikungan.
mlèngkrang: kn. linggih ing kursi lsp. sikile diunggahake; kc. plèngkrang.
mlengo: pc. 1 mengo; 2 mlongo.
mlengok: êngg. pc. mengo.
mlengos: kn. nolèh êmoh ngingêtake (marga ora sênêng, isin lsp); kc. plengos.
mlèpèd: kn. ngênêtake nganggo barang kang ditangkêbake; kc. plèpèd.
mlèpès: pc. 1 mèpèd bangêt; 2 bêcik bangêt ênggone sila (linggih); 3 andhap asor bangêt.
mlerah, mlèrèh: kn. abang kaya gêtih.
mlere: kn. 1 mingsêd lumèrèg; 2 mletre; kc. plere.
mlèrèd: kn. mayat njronjong (kaya plorodan); kc. plèrèd.
mlèrèg: kn. ak. lumèrèg; kc. lèrèg.
mlèrètan: pc. mèrètan.
mlerok: kn. ngingêtake nisih (tandha ora sarju); kc. plerok.
mleroni: kn. ak. mleroki.
mlèsdrèng: êngg. pc. katon bêcik (nyênêngake).
mlèsèd, mlèsèt: I kn. 1 mletre; 2 mingsêt ora trêp gathuke; 3 ora nuhoni janji; 4 pc. nyimpang saka lajêr, ora pênêr; kc. plèsèd. II jaman mlèsèt pc. jaman malaisê (jaman rêkasa).
mlèsèh: kn. ak. mblèsèh, mblasah; kc. plèsèh.

mlèstêr: I kn. nèmplèkake plèstêr. II ut. mlèstêr, mlêstèr êngg. kn. nglapis nganggo adon-adon wêdhi karo sêmèn; kc. plèstêr, plêstèr.
mlete: êngg. pc. mloto.
mletre: pc. mlèsèd mêdhun.
mlètrèk: I pc. mletre, mlotrok. II pc: katon lêlapisan (wiron lsp) tipis sarta bêcik.
mlenca: kw. 1 wong alasan(-asor); 2 ora tuhu, ora nuhoni.
mlècèh: êngg. kn. nglècèp (tmr. kulit).
mlècèt: pc. mlicèt; [x] (-i) kn. 1 nglècèpi cangkok, kulit lsp; 2 pc. mblèjèti; kc. plècèt.
mlèthès: êngg. kn. nutu (nosoh) kopi lsp; kc. plèthès.
mlèthèt: kn. saèm. mlothot.
mlethos, mlethot: pc. bengkong nêkuk (tmr. lading lsp); kc. methot.
mlewah, mlèwèh, mlèwèk: kn. mênga amba, bolong amba; kc. blèwèh.
mlèwèd, mlèwèr: êngg. kn. mbludag lubèr.
mlèbèk: kn. ak. mili nywara plupuk-plupuk; kc. blêbêk.
mlêbêt: k. 1 mlêbu; 2 mênjêro.
mlêbu: n. mlêbêt k. 1 mênyang têkan) ing jêro; 2 mênyang ing pagawean, pamulangan lsp; 3 mèlu iksamên lsp; 4 mênyang (seba) ing kraton (dalême priyayi gêdhe); 5 dadi (saradhadhu, warga pakumpulan lsp); 6 ngrasuk agama; 7 kang ditampa (tmr. dhuwit); kc. lêbu, lêbon.
mlêdug: kn. ak. mblêdug.
mlêdhag: pc. mblêdhag.
mlêdhèh: êngg. mblêdhèh.
mlêdhing: kn. katon bokonge (silite); kc. plêdhing.
mlêdhit: êngg. pc. mlêdhing.
mlêdhos: êngg. kn. putung cêklèk (tmr. pikulan).
mlêk: pc. plêk.
mlêkah: kn. 1 pêcah mênga, sigar mênga; 2 ks. manak; kc. plêkah.
mlêkak-mlêkèk: (-mlêkuk) êngg. mungkak-mungkuk (arêp mutah).
mlêkèk, mlêkok: ks. mênga amba.
mlêkênuk: êngg. kn. linggih tumungkul (mêmpên nyambut gawe).
mlêkuthar, mlêkothar, mlêkoto: pc. nglênthar.
mlêlêng: kn. ora kêdhèp-kêdhèp (tmr. mata); kc. plêlang-plélêng.
mlêlêt: kn. ak. nggubêd, mulêt; kc. lêlêt.
mlêmbung: kn. dadi gêdhe marga kêlêbon angin lsp, (tmr. balon lsp); kc. plêmbung.
mlêmpak: k. mlumpuk.
mlêmpat: êngg. mlumpat.
mlêmpêm: kn. 1 wis ora kumripik, wis lêmês (tmr. gorèngan lsp); 2 ora bisa muni (tmr. mêrcon lsp); 3 kêndho, ora duwe daya.
mlêmpuh: kn. mundhak gêdhe (kandêl).
mlêmpung: kn. saèm. mlêmbung (tmr. tatu lsp).
mlêndèk: pc. ora bisa (gêlêm) nêrusake, wis jêlèh, ora miyatani.
mlêndêr, mlêndrêng: êngg. mlindêr.
mlêndir: kn. mêksa akon nyambut gawe abot (akèh); kc. plêndir.

mlêndhung: kn. saèm. mlêmbung (tmr. layar katampêk angin lsp); kc. plêndhung.
mlênèt, mlênêt: pc: 1 mlènèt, mênêt; 2 ks. bêbanyu.
mlêni: tani [x] pc. wêkêl bangêt (ora royal) tmr. wong lanang.
mlênik: pc. mung sathithik bangêt.
mlênis-mlênis: pc. mênis-mênis.
mlênuk: pc. mêthuthuk, katon nyêmpluk gêdhe.
mlênong: pc. saèm. mlênuk.
mlênos-mlênos: pc. mênis-mênis (nanging barange luwih gêdhe).
mlêncat: kn. 1 êngg. mênculat; 2 ndhewe, ora ngumpul; kc. plêncat.
mlêncing: pc. lunga (mlayu) rikat; kc. plêncing.
mlêncung: êngg. kn. mênculat adoh.
mlêncut: kn. ak. mlêncat, ndhewe (ora ngumpul); [x]-i: dlêmok cung padha wiwit kuning (tmr. pari); kc. mlêncat.
mlênthi: pc. 1 katon njêmbluk wêtênge; 2 ks. mêtêng.
mlênthing: kn. mlênthing cilik bakal dadi gudhig lsp; kc. plênthing.
--- 321 ---
mlênthu ~ mlirit.
mlênthu: pc. katon bundêr gêdhe.
mlênthung: kn. saèm. mlênthing nanging luwih gêdhe; kc. plênthung.
mlênthus, mlênthos: pc. katon bundêr gêdhe.
mlênthong: êngg. pc. jêblog; kc. blênthong.
mlênyèk, mlênyok: kn. êmpuk lèdrèg ngêmu banyu.
mlênyèn: êngg. kn. mlêndèk, nglênthar.
mlêngah, mlêngèh: pc. mlèngèh.
mlêngak, mlêngêk: kn. ak. njêngêr kagèt (gumun bangêt).
mlêngêr: kn. ak. sumlêngêrên, njêngêr.
mlênggong: kn. sanalika gêla bangêt; kc. plênggong.
mlêngkêk: êngg. kn. nêpsu (mangkêl) bangêt nanging ora dilairake.
mlêngkêr: pc. nylêkênthung; kc. blêngkêr.
mlêngkung: kn. awangun plêngkungan; kc. plêngkung.
mlêngok: pc. njêngêr kagèt.
mlêpah: I êngg. k. mlupuh; kc. plupuh. II [x]-[x] kn. njêjaluk ngasih-asih; kc. mlupuh.
mlêpêk: I pc. mrêpêk. II [x]-i kn. ak. njalari ora bisa ambêkan; kc. kêplêpêkên. III [x] -ake ak. mblêbêkake ing banyu.
mlêpêr: kn. ngêmu banyu (tmr. mata).
mlêpês: pc. 1 apês, tanpa daya; 2 mblêbês (tmr. kayu lsp); 3 linggih (sila) sarwa tata (andhap asor bangêt).
mlêpuh: pc. mlêmpuh.
mlêrak, mlêrêk: pc. 1 surêm, ora padhang (tmr.diyan); 2 mlêruk (tmr. polatan).
mlêrêt: pc. 1 mblêrêt; 2 ora bêning ut. ora mêncêrêng (tmr. mata); 3 mari kêndêl, kêndhak suda kaluhurane.
mlêruk: kn. katon mrêngut, ora padhang polatane.
mlêsat: kn. 1 mênculat adoh; 2 pc. sumingkir adoh, ngêdoh, ndhewe, akèh kacèke (bedane).

mlêsêk: kn. amblêg, mblêsêk.
mêsit: kn. ak. saèm. mlêsat adoh.
mlêstèr: kn. nglapis nganggo plêstèr.
mlêtêr: kn. 1 êngg. ak. tut-buri; 2 ngoyak(-oyak); kc. plêtêr.
mlêtik: kn. 1 ak. mênculat, mêncolot; 2 mênculat tmr. gêni, 3 ana tutule putih (tmr. mata); kc. plêtik.
mlêtuk: pc. katon putih kabèh sarta pating pruntus.
mlêcèk: pc. mênga sumilak.
mlêcèt: pc. lunga, minggat; kc. plêcèt.
mlêcing: êngg. kn. gêmi, cêthil.
mlêcit: kn. ngoyak, mlêtêr; kc. plêcit.
mlêcu: I kn. cangkême mêcucu; kc. plêcu. II biru [x] êngg. biru kêcu.
mlêcuti: kn. mlêncuti; kc. plêcut.
mlêthèk: kn. 1 mênga pêcah kulite (tmr. woh, wiji lsp); 2 mêtu (tmr. srêngenge); 3 ak. wiwit (tmr. tanggal, sasi lsp); 4 pc. ks. lair; kc. plêthèk.
mlêthètake, mlêthêtake: pc. mênêtake, mlèthèt.
mlêthês: pc. 1 mlithês, nindhês; 2 mlêsêk putung (tmr. pikulan lsp); 3 ora bisa murub, mlêmpêm; 4 ora bisa laku (tmr. main, dagangan lsp); 5 mblêdhês(-ake); 6 matèni; kc. plêthês.
mlêthik: kn. pêcah nywara mak plêthik (tmr. sêmprong lsp).
mlêthis: pc. 1 mlêthik; 2 ana tutule putih (tmr. mata); 3 mblenjani (janji); kc. mlêthus.
mlêthus, mlêthos: kn. 1 pêcah nywara mak plêthus (sêmprong lsp); 2 pc. matane ana tutule putih rada gêdhe (arêp dhilêng).
mlêwa-mlêwu: êngg. kn. sarwa kêcukupan, mubra-mubru.
mliding: kuning [x] êngg. kuning alus (kulit).
mligi: kn. 1 ak. tulèn, ora kêcampuran apa-apa; 2 ngêmungake, ora ana liya kêjaba mung; dimligèkake ak. dilugokake, diwantahake.
mliyun: pc. yuta.
mliyunèr: pc. wong kang sugih bangêt.
mlikat: êngg. kn. sêrêng, nêpsu, muring.
mlikêti: kn. njalari plikêt; kc. plikêt.
mliklik: êngg. kn. gêmi bangêt.
mlite: pc. 1 ora dadi (tmr. kêbirèn); 2 asor, ora bêcik.
mlilik: pc. ndêlêng ora kêdhèp-kêdhèp.
mlilis: êngg. mlilit.
mlilit: êngg. kn. 1 muntir, muntir-muntir; 2 krasa pating plilit wêtênge; kc. plilit.
mlimping: I êngg. pc. bolong cilik bundêr. II [x]-i kn. ak: 1 ngiris (mbacoki lsp) turut pinggir; 2 nuturi sarana pasêmon, mêmiringi; kc. plimping.
mlindêr: kn. krasa kêsêl dening dipênêt (tmr. pundhak lsp); kc. plindêr, plêndêr.
mlinjo: kn. wit/woh so.
mlindhês: kn. nindhês (tmr. kreta lsp); kc. plindhês.
mlindhung: kn. ak. ngayom marang, ngungsi; kc. lindhung.

mlintir: kn. nguntir tali, brêngos lsp; kc. plintir.
mlintu: êngg. kn. lumintu.
mlincur: kn. ora srêgêp, kêrêp nglowongi pagawean lsp.
mlinthas, mlinthis: pc. gundhul plonthos.
mlinthêng: kn. 1 nglêpasake krikil lsp. nganggo plinthêng; 2 êngg. pc. kukuh lan kêncêng (tmr. pawakan); kc. plinthêng.
mlinyah, mlinyèh: pc. mlènyèh, nglinyam.
mlinguk: pc. lingak-linguk.
mlingsêng: irêng [x] pc. irêng bangêt (tmr. kulit).
mlingsi: pc. alus gilap.
mlipid: (i) kn. ndondomi pinggiran; kc. plipid.
mlipir: kn. 1 mlaku turut pinggir; 2 (bisa [x]) pc. gunêman nganggo têmbung krama kang alus bangêt; kc. plipir.
mlipis: kn. 1 ak. ngênêtake mèpèd; 2 pc. alus bêcik (tmr. wiron), sarwa bêcik (tmr. nyênyandhang); kc. plipis.
mlira: kn. awangun kaya wlira; kc. wlira.
mlirang: kn. ak. migunakake wlirang.
mlirid: kn. ngênêtake nganggo driji diurut; kc. plirid.
mliring: (-i) êngg. kn. nyimpang(-i).
mlirit: kn. ak. mlirid.
--- 322 ---
mlisir(-i) ~ mubêr.
mlisir: (-i) kn. ngêtrapi plisir; kc. plisir.
mlistur: êngg. pc. mlitur; kc. plitur.
mlitur: kn. ngêcèt nganggo plitur.
mlicat, mlicèt: kn. thèthèl kulite (kêsiram wedang lsp).
mlithês: pc. nindhês; kc. plithês.
mlithit: pc. sarwa singsêt lan bêcik (ênggone mênganggo).
mliwe: pc. mlile.
mliwis: kn. bngs. bèbèk alasan.
mludag: êngg. kn. mbludag.
mlujêng: êngg. kn. mluku.
mlukèk-mlukèk, mlukok-mlukok: êngg. pc. krasa arêp mutah (marga kêwarêgên lsp).
mluku: kn. nggarap lêmah nganggo wluku; kc. wluku, luku.
mlulèk matane: pc. nyawang kalawan kêpengin bangêt.
mlulu: êngg. kn. ngêmungake, mligi.
mlumah: kn. 1 sumèlèh raine (lumahe kang ngarêp) dumunung ing dhuwur, turon dhadhane ana ing dhuwur, kb. mêngkurêb; 2 bolongane dumunung ing dhuwur (tmr. wadhah lsp. kang disèlèhake); 3 ora mayat(-miring); 4 gampangan tmr. wêwatakan; kc. lumah.
mlumba-mlumba: kn. nglumba-nglumba; kc. lumba.
mlumpat: kn. mêncolot nglangkahi; kc. lumpat.
mlumpuk: n. mlêmpak k. pc. nglumpuk, ngumpul.
mlunus: pc. saèm. mlênos, mlunthus.
mluntir: kn. ak. muntir, ngikal; kc. pluntir.
mlunthus: kn. plonthos, gundhul.

mlungkêr: kw. nylêkênthung, nêkuk ukêl.
mlungsung: kw. misalin, mènèhi sandhangan anyar; [x]-i: ganti kulit (tmr. ula lsp); kc. wlungsung.
mlupuh: I kn. nuthuki pring digèpèngake; kc. plupuh. II kn. ak. nriman, ora mêmpêng: [x]-[x] ak: njaluk ngasih-asih.
mlurud: êngg. kn. mlorod.
mlusat, mlusut: êngg. pc. mlèsèd, ora tumama (tmr. lading lsp. kang ditamakake).
mlucu, mluthus: pc. wuda mblêjêd; kc. plucu.
mluwa: kn. ora ditanduri (didunungi) tmr. palêmahan.
mluwèk: kn. tatu amba.
mluwèr: pc. kumudu mutah; kc. bluweran.
mluwêr: êngg. kn. jêblog; kc. bluwêr.
mlobok: êngg. mblobok; kc. blobok.
mlodong: êngg. kn. kuning bangêt (tmr. pakulitan); kc. mliding.
mlodhok, mludhuk: êngg. kn. thèthèl, nglènyèm.
mloyok: pc. wis mèh rubuh tmr. omah; kc. mleyot.
mlole, mlolèk, mlolèr: pc. nyawang ora kêdhèp-kêdhèp.
mlolo: kn. amba mêncêrêng (tmr. mata).
mlolok, mlolong: kn. ak. amba (tmr. mata).
mlompong: kn. bolong têrus; kc. plompong. lompong.
mlondhan: êngg. kn. jangkrik ênom (anak jangkrik).
mlondho: pc. durung mêtu wulune (tmr. jangkrik, gangsir).
mlonos, mlothos: pc. gundhul plonthos.
mlonyoh: kn. êmpuk lèdrèg; kc. mlèntrèh.
mlongo: kn. mênga cangkême; kc. plonga-plongo.
mlongoh: pc. saèm. mlèngèh, mlêngèh.
mlongok: pc. ndêdêlêng sajak gumun.
mlongop: pc. mênga, mangap; kc. longop.
mlopor: I pc. ajur cuwèr (tmr. utak lsp). II kn. dadi plopor; kc. plopor.
mlorod: kn. 1 nggangsur mêdhun (saka ing wit lsp); 2 mêdhun, suda (tmr. rêrêgan, pangkat); kc. lorod, plorod.
mlorok: kn. ndêdêlêng matane katon amba.
mlosdrong: êngg. pc. bêcik, ayu.
mlosnong: êngg. kn. mblêjêd.
mlosoh: kn. êmpuk kabèh (bosok).
mlosok: kn. ak. mlêsêk.
mloto: pc. 1 sêmbrana, lucu; 2 sugih omong umuk-umukan.
mlotro: êngg. kn. mlotrok.
mlotrok: kn. mlorod mêdhun (tmr. sandhangan lsp); kc. plotrok.
mloco: kc. mlèsèd, mlusut.
mlocoh: êngg. pc. 1 mlocot; 2 mutah (malih warnane tmr. sêmbagi, têmunan lsp); 3 ora nuhoni janji, mblenjani.
mlocot: kn. tèthèl kulite (marga kêsokan wedang lsp); kc. plocot.
mlothot: pc. 1 mèjèt supaya mêtu isine (tmr. wudun, woh lsp); 2 ora sida, ora dadi tmr. rêrêmbugan, mblenjani; 3 ora klêbu èksamêne; kc. plothot.

mlowa: êngg. kn. mulwa (buwah nona).
mlowèh, mlowoh, mlowok: pc: katon mênga amba (tmr. bolongan lsp).
mu: I n. nelakake pandarbe madyama-purusa, up. jaranmu. II êngg. pc. mau.
muaya, miayan: kn. ak. (panêmu ut. panganggêp kang) lumrah ing akèh.
mualap: (A) kn. (wong kang) martobat dadi Islam.
mualim, malim: (A) kn. ak. panuduh dalan, juru mudhi.
mubadir: kn. 1 tanpa guna, ora dipigunakakake; 2 kapiran.
mubah: I (A) kn. kêna dilakoni (ora mêkruh). II êngg. pc. ora ana kêdadeane, tanpa jêbul.
mubal: kn. mundhak gêdhe sarta mumbul (tmr. gêni), padha mumbul udhêg-udhêgane (tmr. banyu lsp); kc. ubal.
mubalig: (A) kn. wong kang mêmulang (mêncarake) agama Islam.
mubarang: n. mukawis k. pc: samubarang.
mubêd: kn. 1 nggubêd; 2 pintêr ngubêtake kabutuhane (pintêr golèk butuh lsp); kc. ubêd.
mubêng: kn. 1 obah ngubêngi pusêr (indhên); 2 mlaku ngubêngi, kupêng têmpuk; 3 (ut. [x] mingêr) pc. tansah sêmaya, tansah mangsuli; kc. ubêng, kubêng.
mubêr: kn. ak. campur kaya diudhêg.
--- 323 ---
mubyar ~ mukim.
mubyar: kn. (murub [x]) murub ngêtokake sorot.
mublak-mublak: pc. putih ngrêsêpake (tmr. praèn).
mubra-mubru: pc. sarwa kêcukupan (turah-turah).
mud: I (A) kn. ak. takêran bêras sarana tangan loro digathukake èpèk-èpèke nyêkodhong. II di-[x] ak. dimut; kc. mut.
muda: (S) kw. ak. bungah.
mudal: kn. mumbul tmr. wêtuning tuk; kc. udal.
mudaloh: kn. ak. ngakoni kaluputane.
mudani: kn. nglukari ki. nguculi sandhangane; kc. wuda.
mudangkara: kw. êndhas.
mudaris: (A) kn. guru (agama Islam).
mudêd: (-saka) pc. mubêng ngganjrêt.
mudgara: (S) kw. palu, gada.
mudul: kn. ak. nyédul, ndudul; kc. wudul.
muja: kn. sêmbahyang, ngabêkti; kc. puja.
mujadah: (-i) (A) kn. mêrangi, nyandhêt (hawa nêpsu).
mujah: kn. ak. kaos sikil(-tangan).
mujang: kn. ak. dadi bujang (batur tukon), bêburuh; kc. bujang, wujang.
mujangga: kn. ak. nganggit têmbang (karangan); kc. pujangga.
mujarab: êngg. kn. mandi bangêt tmr. tamba lsp.
muji: kn. 1 sêmbahyang, ndonga; 2 êngg.ngalêm; kc. puji.
mujijat: kn. ak. mukjijat.

mujudi: kn. 1 mêtha, nganani wujudi;[16] 2 mbayar (utang lsp) nganggo barang lsp; kc. wujud.
mujuh: êngg. kn. njaluk dhuwit marang dhêmênane.
mujuk: kw. mbujuk; kc. bujuk.
mujung: kn. turu mlumah awake dikêmuli kabèh.
mujur: I kn. 1 sumèlèh lsp. manut ujure, kb. malang; 2 ([x] ngalor) ks. mati; kc. ujur. II kn. njaluk ujuran; kc. ujur.
mudha: I kw. ênom. II (S) kw. bodho.
mudha-dama: kw. bodho lan asor.
mudhak: êngg. pc. mbatur; kc. budhak.
mudhak-mudhêk: kn. bola-bali tansah, ana ing sapanggonan; kc. udhêk.
mudha-pangarsa: kn. pangarsaning pakumpulan lsp. kang kapindho.
mudhar: kn. ak. 1 ngudhar(-i); 2 udhar; kc. udhar, wudhar.
mudhêng: pc. mangêrti, têrang pangêrtine.
mudhi: pc. kêmudhi.
mudhik: kn. lêlayaran nungsung ilining banyu; kc. udhik.
mudhun: n. mandhap k. ak. mêdhun; kc. mêdhun, udhun.
mudhokake: njalari wudhu; kc. wudhu.
mudhoni: kn. 1 urun (rêmbug lsp); 2 asok toh; kc. wudhu.
mufakat: kn. mupakat.
mufangat: kn. manpangat, munpangat.
mufti: (A) kn. juru rêmbug babagan agama (Islam, klêbu golonganing ngulama kang luhur dhewe).
muga: (-muga) n. mugi(-mugi) k. têmbung kanggo mratelakake pamuji (pangarêp-arêp) supaya kêlakona mangkono.
mugag: êngg. kn. nugêl, ngêthok, nyigêg; kc. pugag.
mugag-mugêg: kn. ora bisa maju-maju.
mugal: êngg. kn. enggal obah; kc. mogal.
mugên: kn. 1 mungkul (wêkêl) nyambut gawe; 2 êngg. tansah ana ing omah (ora royal).
mugês: êngg. ak. munthês, nyurês; kc. pugês.
mugêl-mugêl, mugêt-mugêt: kn. obah-obah jêngkêrutan (tmr. cacing lsp).
mugi: k. muga.
mugut: 1 kn. ngêthok pucuke; 2 êngg. k. dêrêp; kc. pugut.
muha: êngg. kn. muncul mabur (tmr. anak manuk); kc. muwa.
muhal: êngg. kn. pulên.
muhalap: (A) kn. ak. wong kang mêrtobat dadi Islam.
Muharam: kn. sasi Sura.
muhun: kw. nangis; kc. muwun.
muhung: I kw. muwung; kc. puwung. II kw. mung.
muyab: (-atine) êngg. ak. ora têntrêm atine.
muyar: (-pikirane) kn. ak. bingung; kc. buyar, moyar.
muyêg: kn. 1 wis campur têmênan ênggone ngasud (tmr. kêrtu); 2 rame sarta sarwa tata (tmr. rêrêmbugan lsp); 3 wrata bêcik (tmr. warna); kc. uyêg.

muyêngi, muyêngake: (êngg) ki. ngêloni, ngêlokake (njalari ngêlu); kc. puyêng.
muyi, muyèn: êngg. kn. ngêlèki bayi (njagong bayèn).
muk: I êngg. mung. II êngg. êmpuk; kc. muk-mukan.
muka: (S) kw. 1 rai; 2 ngarêp.
mukah: kn. mêdhot ênggone pasa.
mukalapah: êngg. pc. kakehan polah, ora lumrah; kc. muhalap.
mukalid: êngg. kn. kêlulut marang.
mukara: kw. ak. pangarêp, lêlurah.
mukarab: (A) kn. ak. cakêt ut. kêcêdhak (ing Allah).
Mukaram: kn. sasi Sura.
mukaranah: êngg. kn. 1 mbênêri, pinuju, kapinujon; 2 kêbênêran.
mukawis: k. mubarang.
mukjijat: (A) kn. pangeram-eram (lêlakon kang nyimpang saka kodrat marga panggawening para nabi lsp. atas karsaning Allah pêrlu ginawe tandha-bukti).
mukêt: I êngg. kn. nalèni, mbuntêl; kc. pukêt. II pc: 1 wis carub lan rumasuk (bumbune); 2 ent., mirasa; 3 bêcik lan nyênêngake (tmr. crita lsp).
mukim: (A) kn. ak. dêdunung, manggon.
--- 324 ---
mukir ~ mulung.
mukir: êngg. kn. selak, ora ngaku; kc. mungkir.
mukitun: (A) kn. ak. ngêmot, nyrambahi.
mukya: (S) kw. 1 pangarêp, lêlurah; 2 kang nomêr siji.
muklis: (A) kn. 1 ak. suci uripe; 2 êngg. mung siji (tanpa nganggo wuwuhan apa-apa) tanpa apa-apa.
mukmin, mukminin, mukminun: (A) kn. wong kang têmên-têmên pracaya ing Allah (tmr. Islam).
muk-mukan: kn. grayangan ana ing pêpêtêng.
mukul: kn. 1 êngg. nggêbug, nggitik; 2 kw. nêmpuh, nyêrang; 3 êngg. narik (pajêg lsp); 4 pc. mblithuk, ngarah bathi akèh; [x]-ake êngg: nangkarake; kc. pukul.
mukun: êngg. kn. bngs. tuwung nganggo tutup.
mukok: kn. mutah sathithik (marga kêwarêgên lsp).
mukrim: (A) kn. ak. wong wadon kang isih sanak kang ora kêna diêpèk bojo.
muksa: kw. 1 oncat luwar saka ragane; 2 ilang; 3 mati ilang saragane; kc. kamoksan.
muksab: (A) kn. ak. ilang (sêmingkir) adoh.
muksil: kn. ak. mung golèk kauntungan dhewe.
mukta: kw. muksa, mati.
muktah: kw. ak. kc. mukta.
muktamat: (A) kn. ak. (panêmu kang) kang wis dianggêp bênêr (tmr. agama Islam); kc. mutamat.

mukti: 1 kw. ngrasakake, mangan (kc. bukti); 2 ([x] wibawa) kn. ngrasakake kasênênganing ngaurip, ora kêkurangan apa-apa; dimuktèkake: disênêngake uripe.
mula: 1 kw. asal, oyod, wiwitan; 2 n. mila k. (wiwit ... [x]) wiwit kawitan (biyèn), pancèn wis asal mangkono; 2 (ut. mulane) ak. kang dadi jalarane (wiwitane); 3 (ut. mulane) ênggone mangkono iku marga ...; 5 êngg. pancèn, dhasar iya mangkono; 6 (ut. mbok-, mêsthi-) êngg. mêsthi bae; [x]-[x] n. mila-mila k. êngg: pancène, asale.
mula-buka: kn. wiwitan, kang dadi jalaran.
mulad-mulad: kn. murub ngalad-alad.
mulai: n. melai, milai k. êngg. wiwit.
mulak-mulak: kn. obah mawalikan (tmr. ilining banyu).
mulake, mulakne, mulakna, mulakneya: n. mila k. êngg: mulane.
mulana: (A) kn. ak. sêsêbutane para ahli agama (Islam) kang pinunjul; kc. maolana, molana.
mulang: (-i) I kn. ak. mrêduli marang; kc. pulang. II kn: ngajar, muruki; kc. wulang.
mulanguni: kw. milangoni.
mulang-sarak: êngg. kn. murang-sarak.
mular: kw. (êngg. k): nangis.
mulas: kn. ngêcèt, nyungging, nglapis; kc. pulas.
mulasara: kn. micara, nggula-wênthah, nggarap; kc. pulasara.
mulat: I êngg. kn. 1 ndêlêng ngawasake, 2 prayitna, ngati-ati; kc. ulat, wulat. II kw. intên.
mulat-tènge: éngg. kn. kangên bangêt, kumudu kêtêmu.
(mule): I mêmule kn. ngurmati para lêluhur sing wis ajal sarana slamêtan lsp; dimêmule, dimulèkake ak: dimulyakake, diaji-aji (dislamêti); kc. mulya. II êngg. kn. loma.
mulèh: êngg. pc. mulih.
mulêk: kn. 1 ngumpul ora lunga-lunga (tmr. kêbul, ambu); 2 ak. mubêng (tmr. banyu); kc.ulêk.
mulês: kn. 1 êngg. ak. muntir, pêpulêtan; 2 lara kaya diplintir-plintir (tmr. wêtêng); 3 (ut. [x]-[x]) ak. ngujêg ênggone njêjaluk; kc. pulês.
mulêt: kn. 1 ak. mukêt, wis campur; 2 nggubêd; 3 ak. mbêslah; kc. pulêt, ulêt.
mulih: I n. mantuk k. kondur ki. 1 bali mênyang (têkan) ing omah; 2 ([x] mênyang kalanggêngan) ak. mati; 3 pc. wis dibalèkake (tmr. barang silihan, utangan; 4 cocog, gathuk, kêtêmu; kc. ulih. II kn. ak. 1 pulih, bali kaya maune; 2 ak. nglilihake, nglipur; kc. pulih.
muli: kn. muntir (nyêthot lsp) diubêngake; kc. pulir, ulir.
mulisèkake: pc. nglapurake marang pulisi; kc. pulisi.
mulya: I kn. ak. mari, bali kaya maune, pulih; dimulyakake ak. didandani dipulihake kaya kang mau. II kn. 1 luhur (diurmati, tanpa pangaji-aji); 2 ak. sarwa kêcukupan lan sênêng uripe; dimulyakake: diluhurake, diurmati, diaji-aji; kc. mule.
mulyawan: (S) kw. ak. luhur (mulya) bangêt.
mulku: (A) kn. ak. 1 kraton; 2 (Sang [x]) ratu, Sang Prabu.

mulu: I kn. ak. rada bundêr kêplêng. II kn. ak. akèh rambute; kc. wulu. III [x]-[x] êngg. kn. walak-walak, mawa-mawa; kc. pamulu.
Mulud: kn. 1 dina wiyosan lan sedane K.N. Mukamad, 12 Rabingulawal; 2 sasi Rabingulawal; [x]-an: 1 slamêtan ing sasi Mulud; 2 saèm. slawatan ing sasi Mulud.
muluh: kn. nggosok nganggo wuluh; kc. wuluh.
muluk: I kn. 1 mumbul (mabur) dhuwur ing awang-awang; 2 ent. dhuwur bangêt (tmr. panêmu lsp); kc. uluk. II kn. 1 nyêkêl sêga nalikane arêp mangan; 2 (ut. mêmuluk) êngg. sarapan; kc. puluk.
mulung: I kn. 1 tangan sakarone ngathung (kaya arêp mèlu); 2 ak. dumadakan têka (tmr. pawèwèh); 3 (atine [x]) duwe rasa sênêng gêlêm wèwèh, miturut lsp; 4 ak. mêlung (tmr. swara); kc. ulung. II kn: 1 êngg. mbêntèli (nggèdhèngi) pari; 2 ak. ngêntas ut. nglêbokake pari kang diêpe (ut. kang mêntas diênèni); kc. pulung. III kw: njupuk, njabut, ngêpèk; kc. pulung. IV kn. ak: mêdêl ikêt lsp, mbiru; kc. wulung.
--- 325 ---
mulur ~ munting.
mulur: kn. 1 mundhak dawa; 2 munggah marang pangadilan kang luwih dhuwur (tmr. prakara); 3 mundhak suwe (tmr. cicilan lsp); 4 ([x] nalare) pc. kanthi digagas dawa; kc. ulur.
mulus: kn. 1 tanpa kêcampuran warna liyane (tmr. warna putih lsp); 2 ak. tanpa ciri, tanpa cacad; 3 bêcik bangêt (tmr. kalakuan lsp); rêsik (suci) atine.
mulut: I kn. golèk manuk lsp. nganggo pulut (uga. ent.); kc. pulut. II pc. ks. cangkêm.
muloni: kn. ak. ngrêsiki mayit sacarane wong wulu; kc. wulu.
multak: kw. ndlêdêg mêtu (utake).
mulwa: kn. ar. woh (buah nona).
(mum): di-[x](-i) pc. dinunuti dijaluki bêrkah supaya iya bisa olèh kabêgjan lsp; kc. umum, makmum.
mumah-mumuh: êngg. mubra-mubru.
mumblug: êngg. kn. mumbluk.
mumbluk: kn. mumpluk putih (marga diudhêg, tmr. jladrèn lsp).
mumbuk: êngg. kn. têtumpukan akèh bangêt.
mumbul: kn. 1 munggah ing awang-awang; 2 ent. misuwur bangêt; [x]-[x]: mêndal-mêndal munggah, kumambang timbul; kc. umbul.
mumbra-mumbru: êngg. mubra-mubru.
mumbruk-mumbruk: pc. têtumpukan akèh.
mumêt: kn. 1 êngg. ak. mubêng mênyang êndi-êndi; 2 krasa buyêr pandêlênge, ngêlu; kc. umêt.
mumuk: kn. ak. bodho; kc. mamak.
mumur: ajur [x] kn. ajur rêmuk babar pisan.
mumut: kn. êmpuk bangêt (tmr. godhogan iwak lsp).
mumpal-mumpal: kn. mumbul-mumbul tmr. banyu (banjir, wedang umob).
mumpang: n. mimpang k êngg: mênang.

mumpang-kara: kw. wani ndaga prentah (wani marang panggêdhe).
mumpang-mumpung: kn. ak. tumindak nggugu karêpe dhewe.
mumpêt: kn. ak. ndhêlik; kc. umpêt.
mumpyar: kn. ak. mubyar sumorot (tmr. intên lsp).
mumpluk: kn. mêtu umpluke.
mumpuni: kw. 1 ak. ndarbèni, nguwasani; 2 pintêr ing sakèhing kawruh.
mumpung: kn. ing nalikane isih (kêbênéran, prayoga kaanane).
munajat: (A) kn. ak. supêkêt (bawarasa) karo Allah ing sajroning sêmbahyang.
munajim: (A) kn. ak. ahli palintangan.
munagèni: kn. ak. ngucapake punagi marang; kc. punagi.
munah: kw. ngrusak, nyirnakake, matèni; kc. punah.
munakawan: kn. ak. dadi panakawan; kc. punakawan, panakawan.
muna-muni: pc. tansah muni (gunêman); kc. muni.
munapèk, munafèk: (A) kn. ak. sumuci-suci (tmr. prakara agama).
munasabah: (A) kn. ak. cocog karo.
munasika: kn. nyikara, ngganggu gawe.
mundang: kn. ak. ngundang; kc. undang.
mundul: kn. ak. mêndul (tmr. tatu).
mundur: kn. 1 mlaku mêmburi, kb. maju; 2 ki. ak. mulih; kc. undur.
mundrawa: kw. nyêmbah.
mundri: kw. 1 nyamat (ing kuluk); 2 pênthil; mumundri, [x]-[x] kw. barang kang pangaji bangêt (ent. kang kinasih).
munjêr: êngg. kn. manjêr (layangan); kc. punjêr.
munji: êngg. kn. saèm. manggul; kc. punji.
munjuk: I êngg. kn. 1 rada munggah, mêndhuwur; 2 kurang tata krama. II ki: matur; kc. unjuk.
munjul: kn. ak. moncol mêncungul; [x]-i n. nglangkungi k. ak. linuwih tinimbang pêpadhane; kc. punjul.
munjung: I kn. kêbak bangêt nganti ngungkuli lambening adhah (tmr. takêran lsp). II kn. mènèhi apa-apa marang wong tuwa lsp; kc. punjung.
mundhak: I n. mindhak k. wuwuh-wuwuh, dadi luwih akèh; 2 satêmah bakal (ing ukara kang ngêmu surasa ngelikake); kc. undhak. II kn. gocèkan pundhak; kc. pundhak.
mundhati: kn. ngêsahi; kc. pundhat.
mundhi: kn. 1 êngg. ngumbulake sadhuwuring êndhas (tandha ngajêni bangêt), nampa (dhawuh lsp); 2 (ut. [x]-[x]) ngajèni bangêt, ngunggul-unggulake; kc. pundhi.
mundhing: kw. kêbo.
mundhu: kn. ar. wit sarta woh.
mundhuk-mundhuk: kn. mlaku mêndhak-mêndhak (tumungkul).
mundhung: kn. kêmundhung (ar. woh).
mundhung-mundhung: pc. têtumpukan sungsun-sungsun; kc. undhung.
mundhut: ki. 1 njupuk; 2 njaluk; 3 ngêpèk; 4 tuku; kc. pundhut, pèk.

munêk-munêk: kn. kumudu arêp mutah.
munfangat: (A) kn. 1 ak. piguna, kaslamêtan; 2 (ut. [x]-i) njalari slamêt (prayoga), migunani.
muni: I n. mungêl k. ngêtokake swara, nywara; kc. uni. II (S) kw. wong tapa, pêndhita.
munindra, muniswara, muniwara: (S) kw. pêndhita linuwih.
munkir: êngg . ak. mungkir.
munuh: kw. matèni; kc. wunuh.
munpangat: kn. kc. munfangat.
muntab: kn. ak. mêtu brol-brolan, nêpsu bangêt; kc. untab.
munte: êngg. kn. 1 bngs. mêrjan; 2 mutiyara; kc. mote.
muntêk: pc. uyêk-uyêkan akèh bangêt; kc. untêk.
muntêl: pc. 1 untêl-untêlan; 2 ora mêtu-mêtu; 3 njintêl (turu); kc. untêl.
muntiyara: êngg. kn. mutiyara.
munting: kn. 1 cilik aringkih (kuru bangêt); 2 êngg. ora akèh wohe.
--- 326 ---
muntir ~ mungsing.
muntir: kn. 1 nguntir; 2 nggubêd pêpulêtan; 3 pc. êmoh tumandang; kc. untir, puntir.
muntlap-muntlup: pc. mlêbu-mêtu.
muntu: kn. ak. 1 mlintir (bolah lsp); 2 ngênam bolah lsp. digawe sabuk lsp; 3 têmênan ênggone nggagas; kc. puntu.
muntup-muntup: kn. mêtu (mêncungul) êndhase ut. pucuke; kc. untup.
muncang: I kn. ak. nginang. II kw. mbuncang.
muncar: kn. gumêbyar, sumorot.
munci: êngg. ak. gundhik (sêlir).
muncla-muncla: pc. saya kurang ajar.
muncu: kn. 1 (ut. [x]-[x]) kêbak bangêt nganti munggul; 2 pc. mantêp (umuk) bangêt; kc. puncu.
muncul: kbn. ngaton, mêtu, mabur saka susuhe (tmr. anak manuk); kc. uncul.
muncung, moncong: êngg. ks. cangkêm, congor.
muncrat: kn. mêncurat (tmr. banyu lsp); kc. uncrat.
muntha: pc. motha.
munthil-munthil: pc. bundhêlan cilik kêncêng.
munthu: êngg. kn. ulêg-ulêg.
munthuk: kn. 1 (ut. [x]-[x] awangun kaya punthuk; 2 mumpluk, mêtu unthuke; kc. unthuk, punthuk.
munthul: êngg. kn. kêtela (pêndhêm).
munya: kw. muni.
munyak-munyuk: pc. tansah têka.
munyal-munyal: pc. saya ndadra ndhugale.
munyêng: kn. ak. mubêng-mubêng mênyang êndi-êndi.
munyik: êngg. kn. mèsêm.
munyuk: I kn. kêthèk (cilik). II [x]-[x] pc. têka (mara) alon-alonan.

mung: I n. namung k. ora ana liyane, mligi. II pc. pêpindhan swaraning bêndhe.
mungayan: kn. ak. muayan.
mungal: kn. ak. 1 maju mêtu (tmr. dhadha); 2 mêtu gêdhe urube (tmr. sumbu diyan); 3 ak. muni, nywara.
mungal-mungil: pc. gojag-gajêg.
mungêl: k. muni.
mungêr-mungêr: pc. nêpsu bangêt.
munggah: n. minggah k. 1 mênyang ing dhuwur, mêndhuwur; 2 dadi luwih dhuwur pangkate; kc. unggah.
munggah kaji: n. minggah kaji k. 1 jiyarah mênyang ing Mêkah (dadi kaji); 2 êngg. ningkahan mênyang pangulon.
munggah papahan: kn. ak. ngêpèk bojo bakyune bojo kang dipêgat ut. kang mati.
munggal: kn. ak. munggêl.
munggang: kn. ar. gamêlan.
munggèng, mingging, munggwing: kw. ana ing.
munggêl: kn. 1 ngêthok pucuke; 2 mêdhot gunêm; kc. punggêl.
munggês: êngg. ngêthok, nyoklèk; kc. punggês.
mungguh: I kn. 1 manggon, dumunung; 2 mapan, wis prênah bangêt; 3 pc. pantês bangêt, patut. II n. mênggah k. (ut. [x]-a) yèn tumrap ing (kowe, aku lsp), ing saupama; mungguhane pc. upama, andhene.
munggul: kw. mêncungul dhuwur; kc. unggul.
munggur: I kn. ak. katon dhuwur, dumunung ing dhuwur; kc. mênggêr. II êngg. kn. ngêthok; kc. punggur. III kn. ar. wit.
munggut: kn. mêtu mêncungul (tmr. iwak loh).
mungil: kn. ak. nyongat mêncungul sathithik; kc. mungal-mungil.
mungkab: kn. ak. mênga mêngkab (tmr. tutup lsp); kc. ungkab.
mungkad: kn. padha obah lunga saka ing wêtêng (tmr. cacing, ent. nêpsu manèh); kc. ungkad.
mungkal: kn. ak. ngasah ing wungkal; [x] gêrang: kaya wungkal gêrang (lêgok tmr. pipi); kc. ungkal, wungkal.
mungkar: I kn. 1 ak. njênggar, mundhak akèh (tmr. barang darbe lsp); 2 êngg. wis omah-omah dhewe (tmr. anak kang diomah-omahake); 3 ([x] atine) mantêp bangêt. II (A) kn. ak. ora prayoga, ala.
mungkasi: kn. ngrampungi; kc. pungkas(-an).
mungkir: (A) kn. selak, ora ngakoni; [x]-i: nyelaki.
mungkug-mungkug: pc. wêtênge krasa ora kêpenak kumudu mutah.
mungkuk: kn. mbungkuk, wungkuk.
mungkul: kn. tumêmên ênggone nyambut gawe, ora royal.
mungkur: kn. 1 mingêr ora marêp; 2 ora madhêp; 3 n. mêngkêr k. wis liwat (-mangkat); [x] gangsir pc. wis êmoh cawe-cawe, ora ngrêmbug babar pisan; kc. ungkur, pungkur.
mungkus: kn. mbuntêl nganggo godhong lsp; kc. wungkus.
mungkok: pc. mukok.
mungkrêd: kn. dadi cêndhak, suda dawane, kb. mulur; kc. ungkrêd, mêngkêrêd.

mungkruk: pc. 1 mêthuthuk, munthuk; 2 gêgêre ndhêgèg; 3 ([x] atine) mantêb lan bungah; kc. pungkruk.
mungu: ki. nggugah; kc. wungu.
mungup: kn. katon ut. mêtu pucuke (êndhase); kc, ungup.
mungur-mungur: kn. 1 katon abang raine (marga lara panas lsp); 2 pc. muring bangêt.
mungut: I êngg. kn. narik (-pajêg lsp); kc. pungut. II [x]-[x] kn. ak. katon sêrêng (nêpsu bangêt) polatane.
mungsahibat: (A) kn. ak. prakara kang isih pêtêng (mbingungake).
mungsêng: kn. ak. (nggêgolèki) mênyang ing êndi-êndi; kc. pungsêng.
mungsêr, mungsrêt: kn. mubêng ngganjrêt.
mungsig: pc. musik (gamêlan Eropah).
mungsing: êngg. kn. ar. iwak sêgara (bngs. iwak cucut).
--- 327 ---
mungsir ~ murong.
mungsir: kw. nundhung, ngoyak; kc. usir.
mungsuh: n. mêngsah k. 1 kang dadi lêlawaning pasulayan (kêrêngan, pêrang, main lsp); 2 nglawan, mêrangi, nandhingi; di-[x]-i: dilawan, ditandhingi, dipêrangi.
mungsra-mungsru: kn. ak. bêngak-bêngok sarta muring.
mupadrawa: kw. ngukum; kc. upadrawa.
mupak: êngg. kn. gapuk (tmr. kayu); [x]-i: nyêthil untu; kc. pupak.
mupakara: kw. ngupakara; kc. upakara.
mupakat: (A) kn. 1 pc. cocog karo; 2 rujuk, tunggal panêmu; 3 pc. panêmu; 4. êngg. pakumpulan desa; di-[x]-i: dirujuki, disayogyani; di-[x]-ake: 1 disêmantakake; 2 dirujukake; [x]-an ak: rêrêmbugan.
mupangat: pc. munpangat.
mupu: kn. 1 njupuk, ngêpèk (-anak); 2 êngg. narik (beya, pajêg lsp); 3 êngg. mêthik; kc. pupu.
mupug: I êngg. ak. ngêthok pucuke; kc. pupug. II [x]-i kw: mumpuni, pintêr bangêt.
mupuh: I kn. ak. nggêbug; kc. pupuh. II [x]-ake ak: nètèsake ing mata: kc. pupuh.
mupuki: kn. ndèkèki pupuk; kc. pupuk.
mupulake: kw. ngumpulake, nglumpukake; kc. pupul.
mupung: éngg. kn. mumpung.
mupur: I êngg. kn. mipili jagung; kc. pupur. II [x]-i kn. nasiki ki. ngusari nganggo pupur; kc. pupur.
mupus: I kn. ngurut jala; kc. pupus. II kn. nrima marang kaanane lêlakone; kc. pupus.
muput: kn. kêmput, ngêntèk; sadina [x]: sadina dhêg; kc. puput.
mupruk: pc. mêthuthuk akèh.
mur: I kn. mênyan Arab (kang digawe blêndok). II kn. ak: bakal kang disulam ing bênang mas (sok digawe kuluk). III 1 mabur; 2 lunga, ilang.
mura: kw. lunga, ilang.
murad: (A) kn. têgês, maksud; di-[x]-i: ditêgêsi, ditêrangake.

muragili: kn. ak. dadi wuragil.
murah: n. mirah k. 1 ora larang (tmr. rêrêgan); 2 akèh bangêt, up. [x] banyu; 3 loma wêlasan (tmr. Gusti Allah); di-[x]-i: diwènèhi murah.
murak: kn. mothèng-mothèng rajakaya lsp, kang mati; kc. purak.
murakabi: éngg. kn. migunani, maedahi.
murang: I êngg. kn. ngarang (rontog godhonge). II êngg. ak: nyimpang, ora manut (kêlumrah dianggo ent).
murang-kara: kw. ndaga marang prentah.
murang-krama: (-tata) kn. ak. ora nganggo tata-krama (dêksura).
murang-marga: kw. nyimpang saka dalan kang bênêr (ora miturut pranatan).
murang-sarak: kn. ak. (nyimpang anggêr-anggêr) ora manut marang pitutur bêcik; kurang ajar.
murat: I êngg. kn. êntèk babar pisan; kc. rat. II kn: wêwadi (planangan, pawadonan).
murba: kw. ngêrèhake, nguwasani; Kang Murba: Kang nitahake sakabèhe (Gusti Allah); kc. purba.
murba-wisesa: kw. mêngkoni lan nguwasani; Kang Murba-wisesa: Kang Mahakuwasa (Gusti Allah).
murda, murdaka: (S) kw. êndhas, pangarêp; dimurdani kw: diwiwit,[17] didhisiki; aksara murda: aksara gêdhe.
murdaging: kn. ar. bumbon crakèn.
murdrah: kn. sêsorah; kc. purdrah.
murêng: kn. 1 mêngangah ing jêro (ing jaba kaya mati tmr. gêni); 2 ngigit-igit, katon muring; kc. urêng.
murga: êngg. ak. nganakake (gawe) manèh kang luwih bêcik sênadyana ing kono wis ana; murgan ak: 1 ora nganggo wuwuhan apa-apa; 2 mirunggan; kc. mruga, mirungga.
(muri): mêmuri kw. mêmêtri, nglêluri; kc. wuri.
murid: (A) kn. wong (bocah) kang diwulang (mêguru).
murih: kn. 1 njangka marang; 2 ngarah; 3 akon supaya; 4 supaya; kc. purih.
muriki: kn. ak. lunga purik: kc. purik.
murina: kn. ak. mèlu muring (ngrewangi) dening kancane (sanak sêdulure) dipialani ing liyan; kc. mrina.
muring: I kn. nêpsu bangêt; kc. uring. II kn: bngs. mrutu.
muringring, muriring: kw. ndhrêdhêg, giris.
muris: kw. mlayu marga wêdi (isin).
murit: êngg. ak. ali-ali.
muryani: kw. 1 nyawang; 2 mbênêrake, nata; kc. wurya, kawuryan.
murka: 1 kw. bodho, gêndhêng; 2 (angkara [x]) kn. bodho, gêndhêng; 2 (angkara [x]) kn. ora nrima ing pandum, kumudu ndhèwèki; 3 êngg. ak. mèlikan, cêthil.
murni: kn. tulèn, tanpa campuran apa-apa, rêsik.
murub: kn. 1 mubyar mêtu gênine; 2 ([x] atine) pc. nêpsu, panas atine; 3 [x] jarake) pc. sêmpulur gampang ênggone ngupaboga; kc. urub.
murud: kw. 1 mundur, sumingkir saka; 2 lunga, mangkat; 3 mati.

murugi: k. marani; kc. paran.
muruh: kn. mêtu umpluke (tmr. cangkêm); kc. muruh, uruh.
muruhita: kw. mêguru; kc. puruhita.
muruk: (-i) kn. ngajar, mulang; kc. wuruk.
(murun): mêmurun k. mêmani; kc. wani, purun.
(murung): mêmurung ak. [x]-ake: njalari wurung; kc. wurung.
murus: kn. bêbanyu mangsur; kc. urus.
muroni: ki. ngêndêmi; kc. wuru.
murong: êngg. kn. (upêt [x]) upêt murêng.
--- 328 ---
mursal ~ mucak.
mursal: kn. nglakoni patrap kang ora bêcik (ala kalakuane).
mursid: kn. utama uripe (suci).
mursita, murcita: kw. gunêman, kandha, nyritakake; mursitani kw. mulang; kc. wursita.
murta: kw. ilang.
murtad: (A) kn. selak marang agamane (mari nglakoni agama).
murti: kw. awak, pawakan, cs. 8.
murca: (S) kw. 1 klêngêr, sumaput; 2 ilang, oncat.
murcat: (S) kw. ilang, mati.
murcita: I kw. klêngêr, sumaput. II kw: gunêman, kandha; kc. mursita.
murwakala: kn. wayangan dianggo srana nulak kacilakan kang bakal tumiba (marang bocah mêcahake pipisan lsp).
murwani: kw. miwiti, ngadani; kc. purwa.
murwat: kn. (pangajine-) timbang karo kaanane; di-[x]: dikira-kira pangajine, ditêpsir; 2 ditimbang karo kaanane; [x]-an: têksiran, pangira-ira rêgane.
musabiyat: (A) kn. ak. ora cêtha (aksara loro panulise mèh padha).
musalir, musapir: (A) kn. 1 ak. wong lêlungan, lêlungan, lêlana; 2 êngg. wong ngêmis, ngêmis (kanggo kautaman).
musakaf, musakap: (A) kn. ak. kitab (kuran).
musakakake, musakani: kn. ningali, mènèhi pusaka; kc. pusaka.
musakat: (A) kn. mlarat, kacingkrangan.
musala: (S) kw. gada, pênthung.
musama: (A) kn. ak. karam, kaanane kang lugu.
musanif, musanip: (A) kn. ak. pangarang, pujangga.
musapir: kn. kc. musafir.
musara, musarani: kw. nalèni, mbanda; kc. pusara.
musarakat: kn. ak. masarakat.
musawarat: (A) kn. ak. rêmbug; di-[x]-ake ak. dijalukake rêmbuge wong akèh; [x]-an ak: srasehan ut. rêrêmbugan prakara agama.
musêng: kn. ak. mungsêng; kc. pusêng.
musêr: kn. ak. mungsêr; kc. pusêr.
musi, mosi: kn. kênthêling rêmbug (ing pakumpulan).
musibat: (A) kn. wêwêlak, sot.
musig, musik: (W) kn. bngs. gamêlan Eropah.
musika: (S) kw. tikus.

musikan: (A) kn. wêwarahe pangulu nalikane ngijabake.
Muslim, Muslimin: (A) kn. wong Islam.
muslim, muslin: kn. lawon putih.
musna: kw. ilang tanpa lari.
musuh: kn. ak. mungsuh.
musus: kn. 1 mênyêt nggosokake tangan; 2 kw. mubêng (tmr. lesus, angin); [x]-i: ngumbah bêras; kc. pusus.
muspra: kn. tanpa tanja.
musrik: (A) kn. wong kang nêmbah brahala, wong kapir.
mustachil, mustakil: (A) kn. ak. mokal, nglêngkara.
mustajab, mustijab: (A) kn. 1 ak. kaidèn (kalêksanan) panuwune; 2 mandi bangêt (tmr. tamba lsp); sêkti.
mustajilah: pc. mutajilah.
mustail: êngg. mokal, nglêngkara.
mustaka: kw. pucuk, êndhas; kc. mastaka.
mustapa: (A) kn. ak. kang pinilih.
musthi: I kw. nyêkêl (gêgaman lsp); kc. pusthi). II 1 kw. ngèsthi, mindêng, mêlêng; 2 êngg. pc. mêsthi; kc. pusthi, mêsthi.
musthika: I kn. bngs. watu kang ngêtokake kaluwihan; 2 kw. intên, kang bêcik dhewe. II kw: tikus.
Musthikaning kidung: kn.: ar. kidungan ing Kitab Suci Prajanjian lawas (anggitane Nabi Suleman).
(mut): di-[x] kn. diingkêmi ing cangkêm.
muta: kn. ak. micak; kc. wuta.
mutabar: kn. ak. sumêbar (kawruhan) ing akèh.
mutajilah: (A) kn. ak. nyimpang (nyêbal, nasar) saka wêwaton kang bênêr (tmr. agama Islam).
mutah: 1 (n. nuntak k. luntak ki) bali mêtu saka ing cangkêm; 2 ks. walèh, blaka; 3 luntur (tmr. sêmbagi lsp); lara [x] ngising: lara kolerah; kc. wutah, utah.
mutamat: I (A) kn. ak. kang wis dianggêp bênêr (tmr. panêmu Islam). II kn. ak: waskitha, wis tamat (ngêntèk).
mutasawur: kn. ak. jumbuh, cawuh.
mutatuli: kn. ak. ora pêrduli apa-apa (nekad bangêt).
mutawatir: n. mutawatos k. 1 ak. kuwatir, sumêlang; 2 (ut. [x]-i) nyumêlangi, mbêbayani.
mutèh: êngg. pc. mutih.
mutèhi: êngg. pc. motèhi.
mutêr: kn. 1 ngubêngake; 2 ngêlih (tanduran lsp); 3 br. ngêrèhake; kc. putêr.
mutih: n. mêthak k. 1 ngêthèl, nggawe supaya putih (sandhangan lsp), nggilapake (gêgaman lsp); 2 ak. nglakoni mung mangan sêga thok; kc. putih.
mutihan: n. mêthakan k. ak. 1 (wong [x]) santri; 2 pasantrèn; kc. putih.
mutiyara: kn. jêndhêlan ing kuliting kima kang njêro dianggo mata ali-ali lsp.

mutik: êngg. kn. ([x] atine) sêrik, lara atine.
mutlak: (A) kn. 1 nyrambahi, umum, babar pisan; 2 kabèh, tanpa ana liyane.
mutmainah: (A) kn. sarèh lan têntrêm (tmr. suksma).
mutuhake: n. mêtahakên K nggawe wutuh; kc. wutuh.
mutung: kn. 1 (ut. [x]-ake) nyoklèk; 2 banjur êmoh lêlawanan (rêrêmbugan lsp) manèh; kc. putung.
mutus: kn. nêtêpake, mancasi; kc. putus.
mutra: kw. uyuh; kc. putra.
mutrakake: ki. ak. nganakake, nglairake; kc. putra.
mutrèni: kn. ak. kaya putri.
mutyara: kw. mutiyara.
mucak: kn. ak. têkan ing pucak.
--- 329 ---
mucal ~ moyang.
mucal: êngg. k. mulang; kc. wulang.
mucang: I êngg. k. nginang. II kn. ak. kaya wit pucang.
mucap: kw. gunêman, clathu; kc. ucap.
mucicil: kn. ak. mêcicil.
mucuk: kn. 1 têkan ing pucuk; 2 ([x] bung, [x] ri) kaya pucuking bung, êri; kc. pucuk.
mucuki: kn. ak. miwiti; kc. pucuk.
mucu-mucu: pc. muncu-muncu.
mucung: kn. ak. nêmbang (ngarang) pucung.
muthakil: kn. ak. sugih reka ala; kc. mêthakil.
muthêk: êngg. kn. bngs. arit cilik.
muthu: kn. ulêg-ulêg, munthu.
muthun-muthun: kn. ak. nguthun-uthun; kc. uthun, puthun.
muwa: êngg. kn. muncul mabur; [x]-[x] êngg. pc: rèwèl, beka.
muwah: n. miwah k. ak. 1 lan, tur, karo manèh; 2 kw. manèh.
muwah-muwuh: pc. mubra-mubru; kc. muwuh.
muwak-muwak: pc. suwèk amba bangêt.
muwal: êngg. kn. mêmêl, êmpuk.
muwang: kw. ak. lan; kc. mwang, myang.
muwapakat: (A) kn. ak. mupakat.
muwara: kn. sungapaning kali ing sêgara.
muwaril: kn. ak. alangan, larangan; kc. waril.
muwasani: n. nyiyami k. ak. pasa mungguh ing; kc. puwasa.
muwêl: kn. 1 uwêl-uwêlan dadi siji; 2 untêl-untêlan; kc. uwêl.
muwêng: I kn. ak. jêro bangêt (tmr. luwêng, sumur lsp). II kn. ak. mubêng; kc. buwêng.
muwêr: kn. ak. 1 mubêng ngganjrêt; 2 mungsêng.
muwuhi: n. mêwahi k. ngundhaki; kc. wuwuh.
muwun: ki. nangis.
muwung: I kn. 1 ngêtrap wuwung ing wuwungan omah; 2 nyirami êndhas (nalikane adus lsp); kc. wuwung. II kn: nrimakake saanane; kc. puwung.

muwur: kn. ak. nyawurake, nyêbarake; kc. uwur, wuwur.
muwus: kw. clathu, gunêman; kc. wuwus.
moal: êngg. kn. mokal.
mobah: I ([x] mosik) kn. ak. obah. II êngg. kn: mubah.
mobal-mabul: pc. mabul-mabul.
mobat-mabit: kn. obah sumiyut ngiwa nêngên; kc. obat-abit.
mobèt, mobit: pc. kobèt.
mobyar, mobyor: kn. ak. mubyar, mumpyar.
moblong: (-moblong) pc. katon bundêr putih (ayu, tmr. praèn).
mobol-mobol, mobrol-mobrol: pc. padha mêtu isine (ususe lsp).
mobrak-mabrik: pc. rusak ora karuwan; kc. obrak-abrik.
mobrat-mabrut, mobrot-mobrot: pc. saèm. mobol-mobol.
(mod): di-[x] êngg. dimut; kc. mut.
modang: kn. ar. bathikan (ikêt, kêmbên).
modar, modir: ks. mati.
modin: (A) kn. 1 tukang adan, punggawa mêsjid; 2 êngg. kaum, lêbe.
modod: kn. mêtu mundhak dawa; kc. odod.
modo-modo: êngg. modod.
mojah: kn. kaos sikil(-tangan).
mojar: kn. 1 ak. kandha, gunêman; 2 êngg. rêrêmbugan karo, sêmayan karo; kc. pojar, ujar.
mojèd, mojid: êngg. ks. mati.
mojèl: êngg. kn. mogèl, obah.
mojok: kn. mênyang ing pojok; [x]-i: nggarap ing pojok; kc. pojok.
modhal: êngg. kn. pawitan.
modhal-madhil: pc. padha dhèdhèl (lolos); kc. odhal-adhil.
modhal-madhul: pc. madhul-madhul.
modhèl: (W) kn. 1 cithakan, wangunan; 2 conto; 3 cara anyar (kang durung ana), gagrag anyar; 4 pc. nganèh-anèhi.
modhèrên: pc. miturut gagrag anyar.
modho: pc. modhèl; wis [x]-ne êngg. pc. wis kêlumrah.
modhol-modhol: pc. padha bodhol mêtu.
moèl: êngg. kn. ala.
moèli: êngg. nyopoti; kc. poèl.
moga: I êngg. kn. ak. ada, panêmu anyar. II kw ora bisa kliru(-kaluputan). III êngg. ak. ora sida, wurung. IV kn: sabuk kang dianggo kampuhan. V kw: 1 dumadakan; 2 tumuli; 3 mula, mulane, awit dening; 4 kaya, upama.
mogak-magik: kn. ak. ora kukuh arêp copot; kc. ogak-agik.
mogal: êngg. kn. obah.
mogat: êngg. kn. duwe niyat.
mogèl: kn. obah pucuke (tmr. buntut lsp); [x] kul pc: ora obah babar pisan.
moglak-maglik: pc. mogak-magik.
moglèng-moglèng: pc. katon nyongat (tmr. panganggoning kêris); kc. oglèng.

mogok: kn. 1 ora gêlêm mlaku (tmr. sapi lsp); 2 ora manut prentah; 3 êmoh nyambut gawe (tmr. kaum buruh); [x]-[x] pc: linggih lsp. mênêng bae; kc. pogok.
mogol: kn. 1 satêngah matêng (tmr. tela lsp. kang digodhog); 2 pc. durung dadi (tmr. rêrêmbugan lsp); 3 pc. durung putus kawruhe lsp.
mograg-magrêg: pc. kêrêp mandhêg, ora maju-maju, gojag-gajêg.
moh: I pc. êmoh. II di-[x]-ake ak: disuwèkake; kc. amoh.
mohal: êngg. kn. mokal.
mohèl: êngg. kn . ala.
mohita: (S) kw. susah, judhêg, bingung.
moyag-mayig: kn. ak. tansah arêp rubuh; kc. oyag-ayig.
moyag-mayug: kn. ak. arêp rubuh mêngarêp; kc. mayug.
moyang: kn. ak. 1 lunga, lêlungan; 2 ora jênjêm, ora têtêp pikire; kc. uyang, poyang, kakèk.
--- 330 ---
moyang-mayêng(-mayong) ~ monopoli.
moyang-mayêng(-mayong): pc. tansah lunga alihan.
moyar: kn. ak. ([x] pikirane) tansah kuwur (ora jênjêm).
moyoki: kn. nacad, ngunèkake ala marang; kc. poyok.
mokahake: agawe pokah.
mok: I êngg. pc. ko- II di-[x]-[x] pc: didêmok-dêmok.
mokal: (A) kn. 1 ora ana têmênan, nglêngkara, ora bisa kêlakon; 2 ora kêtêmu ing nalar; di-[x]-ake: dianggêp mokal.
mokèl: êngg. kn. 1 mukah (mêdhot ênggone pasa); 2 isih têngah-têngah, durung samêsthine: kc. mothèl.
mokelapah: (A) kn. ak. tumindak kang nganèh-anèhi (ora jujur).
mokla: êngg. kn. gêtih.
moklak-maklik: pc. oklak-aklik.
moklèk: kn. ak. nyoklèk, mutung; kc. poklèk.
moklis: kn. ak. muklis.
mokoki: kn. 1 mawiti; 2 mbakoni; kc. pokok.
moksa: (S) kw. ilang, kc. muksa.
moksèl, moksil: kn. ak. mung ngolèhake awake dhewe (nistha, asor).
mokta, moktah: (S) kw. ilang, mati.
mokcung: pc. dlêmok cung.
mol: mak [x] pc. mak cêmol; di-[x] pc: dicêmol-cêmol.
mola: kn. niru, nyonto; kc. pola.
molah: kn. 1 obah, polah; 2 êngg. mêgawe (ing sawah); kc. polah.
molah-malih: kn. kêrêp malih, gonta-ganti; kc. malih.
molai: n. melai k. êngg. wiwit.
molak-malik: kn. tansah malik; kc. walik, malik.
molana: kn. kc. maolana, mulana.
molang: êngg. kn. bakul raja-kaya.
molar-malir: kn. ak. mondar-mandir (tmr. mata).
mole: (-mole) pc. modod dawa; kc. molèr.
molèk: I êngg. kn. klisikan (ing nalikane turu). II ut. molik êngg. pc: bêcik.

molèr: kn. modod dawa, ndlolèr.
molih: kw. olèh.
molu(ng): kn. siji-sijine wolu(ng).
molo: I kn. 1 balungan omah kang dumunung ing dhuwur dhewe mujur katumpangan wuwungan; 2 (cacah [x]) omah (yèn dianggo wilangan). II [x]-[x] êngg. kn: mêndolo mêtu.
molog: pc. bulug; [x] atine pc: mantêp lan bungah.
molor: pc. mêtu ndlèwèr (tmr. umbêl lsp).
momah-mumuh: êngg. mubra-mubru.
mombak: kw. ngombak; kc. ombak.
momohan: kn. gombalan kang wis amoh; kc. amoh.
momok: I kn. ar. mêmêdi dianggo mêdèni bocah cilik. II di-[x](-i) kn. ak: dipopok ing; kc. bobok, popok.
momol: kn. 1 mêmêr (tmr. daging); 2 êngg. wit jagung lsp. dianggo pakan rajakaya.
momong: kn. njaga (ngulat-ulatake) lan nyênyênêng bocah; [x] sarira ([x] salira) ak: 1 ngopèni awak; 2 durung (ora) omah-omah (tmr. wong wadon); [x]-an: bocah kang diêmong; kaparingan [x]-an: 1 olèh triman putri; 2 duwe anak (pinaringan anak); kc. mong.
momor: (-an) kn. amor karo, srawungan karo; di-[x]-i: pc. dicampuri; [x]-an: campuran; kc. amor, wor.
momor sambu: kn. ak. mèlu nggrubyug sarana nyamur laku.
momot: kn. 1 bisa amot akèh; 2 ngêmot (isi) barang-barang lsp. (tmr. grobag, prau lsp); 3 ent. bisa mangêrti, akèh panêmune, ora nêpson, bisa simpên wadi; di-[x]-i: diisèni barang-barang (tmr.prau, grobag lsp); [x]-an: 1 barang-barang kang dimot; 2 kang dianggo momot barang-barang, up. jaran [x]-an; kc. amot, mot.
mompa: kn. ngisèni (nawu lsp) nganggo pompa.
mompyor: kn. gumêbyar (tmr. mas intên, panganggo).
momplah, momplong: êngg. kn. padha amoh pating cromplong (tmr. sandhangan).
momplok-momplok: I pc. padha amoh pating cromplong (sandhangan). II pc: êmpuk mumpuh-mumpuh.
mon: kw. yèn; kc. lamun, mon-mor.
mona: (S) kw. mênêng, mbisu.
monabrata: (S) kw. ak. tapa mbisu.
mondar-mandir: kn. obah-obah ora tajêm (tmr. mata).
mondrèng, mondring: êngg. kn. tlèdhèk.
monjo: êngg. luwih tinimbang pêpadhane; kc. onjo.
mondhah: êngg. kn. mothah, rèwèl.
mondhoh: kn. nyoblos (mbolong) godhoh kuping; kc. pondhoh.
mondhok: I kn. ak. mbuntêl (nganggo godhong, klika lsp); kc. pondhok. II kn: 1 nginêp ing; 2 nunut manggon; 3 êngg. lunga ngaji (sinau) mênyang pondhok (pasantrèn); 4 êngg. ak: têtumpukan akèh bangêt; [x]-an pc: panginêpan; kc. pondhok.

mondhok gomblok: ([x] glongsor, [x] kringkêl, [x] ringkuk, [x] slusup, [x] sumpêl, [x] slosor, [x] tlosor) kn: (wong kang) nunut manggon ing omahing liyan (ora duwe omah dhewe).
mondhok karang: ([x] rampèk, [x] tèmpèl) kn. ngindhung ing pakaranganing liyan (duwe omah dhewe).
(mondhol): [x]-[x] kn. katon njémbluk nggandhul; [x]-an: cêkokan ing ikêt.
mondhong: kn. ak. 1 saèm. mbopong nanging kalungguhake ing tangan; 2 mboyong; kc. pondhong.
monès: pc. mancasi (mutus); kc. ponès.
monêng: kw. tansah kangên (dening kêsêngsêm); kc. onêng.
monmon: pc. panganan (kang disimpên).
mono: I n. mantên k. (sa-[x], rong [x]) kèhe padha karo kuwi. II êngg. pc: jêr wis (-pancèn), up. aku [x] wong wis tuwa; 2 kanggo ngantêpake surasa; kc. ngono. III êngg: kono, mrono.
monopoli: (W) kn. dêdagangan ijèn-ijènan [ijèn-...]
--- 331 ---
[...ijènan] (wong liyane ora kêna nindakake).
montang-manting ~ motong.
montang-manting: kn. obah kaya diontang-antingake (ribut tumandang ing gawe, lunga mrana-mrana); kc. ontang-anting.
monte: êngg. kn. mote.
montèrèng, montering: (W) kn. ak. sandhangan gadhuhan (pawèwèh); kc. mêntering.
montên: êngg. k. 1 mori; 2 mono.
montip, montit: pc. lokomotip.
montog: êngg. kn. mangkêl (nêpsu) bangêt.
montong: kn. mêtu jantunge (tmr. gêdhang); kc. ontong.
montor: I kn. 1 bngs. mêsin dikalokake sarana gas lênga bènsin ut. listrik; 2 ar. têtunggangan bngs. kreta dilakokake sarana mêsin. II [x]-[x] pc. murub mobyar tmr. diyan lsp; kc. mèntèr.
montro: I kn. kêmbang timun. II [x]-[x] pc: pêtêng ulate, mrêngut.
moncèr: kn. 1 ak. nglawèr dawa; 2 nglantrah (rowa) bangêt tmr. crita; 3 ([x] budine) pintêr, akèh sêsurupane; 4 pc. misuwur, gagah; kc. koncèr, oncèr.
moncol: kn. 1 nyongat (nglojok, mêncungul) maju; 2 monjo; kc. poncol.
moncong: êngg. ks. cangkêm.
moncrot: pc. bêbanyu mangsur; kc. mèncrèt.
monthah: êngg, kn. mothah, rèwèl.
monthok: I êngg. ak. 1 gêdhe mêntêr-mêntêr (tmr. susu); 2 ([x] atine) mongkok, mantêp bangêt; [x]-an êngg: mondholan. II êngg. kn: bngs. gêrèh, iwak asinan.
montholan: kn. 1 êngg. mondholan; 2 pc. ênggone mênganggo ora samêsthine (satêngah wuda).
monyar-manyir: kn. ora kêna diugêmi têtêmbungane (gunême).
monyèt: êngg. pc. munyuk, kêthèk.

monyong: kn. pêndhukul ing bathuk (êndhas).
monyos: ora [x] êngg. ks. ora bisa.
mong: I kw. nindakake; kc. among. II di-[x] kn. 1 dijaga (diulat-ulatake) lan disêsênêng atine (tmr. bocah cilik); 2 tansah diwêngku (ditanggapi, dirêngkuh) kalawan bêcik; kc. momong. III êngg. kn: êmoh, moh. IV kw: macan.
mongah: I êngg. kn. ngapusi; kc. pongah. II [x]-[x] kn: isih panas bangêt (tmr. panganan lsp); kc. mangah-mangah.
mongal-mangil: pc. gojag-gajég.
monga-mangu: kn. ak. gojag-gajêg; kc. mangu-mangu.
monggang: kn. ar. gamêlan.
monggat-manggut: kn. tansah manggut-manggut; kc. anggut, manggut.
monggrak-manggrik: (-manggruk) kc. wis rêkasa bangêt uripe.
mongkak-mangkèk: pc. molah-malih, gonta-ganti pagawean.
mongkog: kn. gêdhe atine ut. mantêp (dening dialêm lsp).
mongkono: êngg. n. makatên k. mêngkono.
mongkrong: I pc. ndhodhok; 2 mêthongkrong, mèngkrèng. II êngg. kn. bngs. gêrma golèk cèlèng.
mongol: kn. moncol kaya pongol; kc. pongol.
mongo-mongo: pc. mangap mêgap-mêgap.
mongsok: pc. gèk mangsa!
mongsra-mangsru: kn. ak. bêngak-bêngok muring.
mopo: kn. trima ora gêlêm (nindakake, nglakoni).
mopok: I kn. 1 (ut. [x]-ake) nèmplèkake blêthok lsp. ing; 2 nèmplèkake parêm lsp. ing; 3 nembok bathikan; kc. popok. II [x]-i kn: nglambari lsp. bayi nganggo popok.
mopol: I pc. mapali (rambut lsp); kc. popol. II kn: moprol, gapuk rontog (tmr. kayu lsp).
moprok: pc. sumèlèh têtumpukan.
moprol: kn. gapuk padha cuwil (tmr. kayu lsp); kc. poprol.
mor: kw. amor, awor; di-[x](-ake) kn: 1 dicampur, diwor; 2 (ut. di-[x]-i) dicampuri; kc. amor, awor, momor.
morah: êngg. kn. mothah, rèwèl.
morak-marik: kn. pating jlêmpah ora karuwan; kc. orak-arik.
morat-marit: pc. padha pating slêbar ora karuwan; kc. marit.
morèg: pc. 1 ora rêngkêd panênune; 2 sil-silan, kakehan polah.
mori: kn. lawon.
morod: kn. 1 êngg. mlorod; 2 kw. mundur; kc. orod.
morong: êngg. kn. teko, kan tèh; kc. porong.
moros: (-i) kn. nguntingi suruh; kc. poros.
morot: kn. ak. ngrêsiki luluhan êmas; kc. porot.
(mos): di-[x]-[x] pc. diêcèh-êcèh (tmr. baranging liyan).
mosak-masik: pc. pating bêsasik(-blengkrah).
mosêl, mosil: kn. ak. kc. moksil.
mosik: kn. 1 ak. obah; 2 ([x] atine) timbul gagasane; kc. mobah, osik.
mosok: êngg. pc. gèk mangsa!

moso-moso: êngg. kn. ngoso-oso, nyêntak-nyêntak; kc. poso.
mosra-masru: pc. muring bangêt.
mostor: êngg. ak. conto.
mot: kw. 1 amot, momot; 2 sugih pangapura; di-[x] n. dipunwrat k: 1 dimomotake ing; 2 dipacak ing layang kabar lsp; 3 disêbutake ing (layang lsp); kc. amot, momot, ngêmot.
motangi, motangake: ak. ngutangi, ngutangake; kc. utang, potang.
mote: kn. alèn-alèn cilik-cilik bangêt sing digawe bêling lsp.
motok: kn. ak: nyambung jarit lsp; kc. potok.
motol-motol: pc. katon mêthênthêng (kêbak) arêp mêtu.
moto-moto: pc. ndlolèr mêtu; kc. mete.
motong: kn. 1 êngg. ngêthoki, nugêl; 2 êngg. nêgor; 3 êngg. nyêmbêlèh; 4 nyukur; 5 êngg. mbêdhahi klambi lsp; 6. pc. nyowok, nyuda; kc. potong.
--- 332 ---
mocèli - mrapal(-i).
mocèli: êngg. kn. mipili jagung; kc. pocèl.
mocok: I êngg. kn. mbacok, ngêthok. nêgor; kc. pocok. II êngg. kn. mbanjêli nggarap pagawean; kc. pocok.
moco-moco: pc. mucu-mucu.
mocong: (-i) kn. `1 nguntingi (mbêntèli) pari; 2 mbongkoki têbu lsp; 3 mbuntêl (ngulêsi) mayit; kc. pocong.
mocot: (i) kn. 1 êngg. ak. nyopot, mbukak; 2 nglèrèni saka pagaweane; kc. pocot.
motha: I kn. 1 layar; 2 kemah. II [x]-[x] kw: mêksa-mêksa ngajak sanggama (marang wong wadon); kc. potha.
mothah: kn. ak. rèwèl njêjaluk (tmr. bocah cilik).
mothal-mathil, mothar-mathir: pc. padha pêpisahan (copot) ora karuwan.
mothèk, mothès: êngg. kn. mothèl.
mothèl: kn. nugèl (nyoklèk) saperangan; kc. pothèl.
mothèng: (-mothèng) kn. nyêmpal-nyêmpal pupu pitik lsp; kc. pothèng.
mothik: êngg. kn. bngs. arit.
mothuk: êngg. pc. mathuk.
mothok: pc. mathok, ora owah; kc. pathok.
mothol: kn. saèm. mothèl; kc. pothol.
mowad-mawud: kbn. mawud-mawud.
mowal: I êngg. kn. nglêngklara, mokal. II êngg. kn. mung sathithik; kc. mahal.
mowat-mawut: kn. mawut-mawut.
mowod: êngg. kn. mlaku ing wot.
mowol-mowol: pc. madhul-madhul.
mowori: kn. ak. nyampuri, ngêmori; kc. wowor.
mra: kw. wrata, sumrambah.
mraba: kw. sumorot; mrabani kw: nyunari, nyoroti; kc. praba.
mrabawani: kw. ndayani marang; kc. prabawa.

mrabu, mraboni: kn. kaya ratu (gagah ut. pantês bangêt); kc. prabu.
mrabuk: kw. ngambar (-wangi).
mrabot: kn. wis pêpak prabote; kc. prabot.
mrada: n. mraos k: nyungging lsp. nganggo prada; kc. prada.
mradapa: kw. sêmi, tuwuh; kc. pradapa.
mradata: kn. ak. ngadili prakara; kc. pradata.
mradêksa: kw. 1 ngadêg; 2 ngêrèh, madêg ratu.
mradini: k. mratani.
mradipta: kw. sumorot; kc. pradipta.
mraduli: n. mraduntên k. ak. mêrduli.
mraja: kw. maharaja (ratu).
mrajaya: kw. ngalahake, matèni; kc. prajaya.
mrajak: kn. padha enggal tuwuh (thukul).
mrajaka: kw. kongkonan, utusan; kc. prajaka.
mradhah: kw. ngukum srana didadèkake batur tukon; kc. pradhah.
mragad: I êngg. kn. ngrampungi; 2 nyêmbêlèh; kc. pragad. II [x]-i kn: mènèhi wragad; kc. wragad.
mragalba: kw. mlêbu.
mragang: (-gawe) kn. ak. tumandang ing gawe.
mragas: kn. ak. ngêthok pucuke; kc. pragas.
mrail: kn. ngêdum (warisan lsp); kc. prail.
mrayang: I êngg. ak. gêtapan. II ut. [x]-an, mrayangyang kw: mênyang kadewan, dadi lêlêmbut.
mrayitnani: kn. ngawekani; kc. prayitna.
mrayut: pc. mbrayut.
mrayoga: n. mrayogi k. ak. ngudi murih bêcike; mrayogani ak. mrayogakake: 1 nayogyani; 2 nganggêp wis prayoga, awèh pamrayoga; kc. prayoga.
mrak: br. mêrak.
mrakara: n. mrakawis k. ndadèkake prakara; kc. prakara.
mrakas: pc. blêg; kc. kêmrakas.
mrakasa, mrakosa: kw. mêksa, ngroda pêksa; kc. prakasa.
mrak-ati: kn. manis nyênêngake (tmr. polatan).
mrak-atos: êngg. k. mrak-ati.
mrakênêng: kn. ak. kêncêng ototе; kc. pêrkênêng.
mralambangi: kn. awèh pralambang marang; kc. pralambang.
mraman: kn. tumular tmr. gêni.
mramanakake, mramanêmake: ak. namatake; kc. pramana.
mrambat: kn. 1 nèmplèk banjur munggah alon-alon (tmr. têtuwuhan, kewan lsp); 2 pc. mraman, nular-nular, mundhak-mundhak; kc. rambat.
mrambut: kn. kulit pari.
mramong: pc. marong-marong, mêngangah.
mrana: n. mrika k: mênyang ing kana; dimranakake ak. diparakake mrana; kc. prana.
mranani: kn. nrênyuhake ati; kc. prana.
mranata: kn. nata, ngatur; kc. pranata.

mrantak: kn. ak. mrèntèk.
mrantasi: êngg. pc. ngrampungi; kc. prantas.
mrantèni: n. mrantosi k. ak. nyêpaki, mraboti; kc. piranti, pranti.
mrantu-mrantu: êngg. kn. mrantun-mrantun.
mrantun-mrantun: kn. ngalih-ngalih ênggone mêdhayoh lsp.
mrancang: êng. kn. ngrancang; kc. rancang.
mranggal: I kn. ngabruk (nggitik) ing êndhas (tmr. jago lsp); kc. pranggal. II kn. ak: munggêli ing pucuke; kc. pranggal.
mranggi: kn. tukang gawe wrangka.
mranggu, mranggo: kn. ak. ora têtêp, gojag-gajêg.
mrangguhi: kn. ak. mrangguli.
mrangguli: kn. kêtêmu karo, kêpêthuk karo; kc. pranggul.
mrangkani: n. nyarungi k. ngêtrapi wrangka; 2 ent. mêngku; kc. wrangka.
mrangkang: kn. ak. 1 mbrangkang; 2 kewan asikil papat; kc. brangkang, rumangkang.
mrangsud: êngg. kn. ngglangsur mêdhun.
mrau: n. mbaita k. nunggang prau; kc. prau.
mraos: k. 1 mrada; 2 mrasa; 3 êngg. mrakas.
mrapak: pc. ngrapak; kc. rapak.
mrapal: (-i) kn. ngêthoki, mapali; kc. papal, prapal.
--- 333 ---
mrapat ~ mrêsa.
mrapat: I 1 n. mrasakawan k. mara papat; 2 kn. awangun cawangan (garis) prapatan; kc. prapat. II pc: tangga desa; kc. prapat.
mrapit: kn. ak. rapêt bangêt (tmr. barisan lsp)
mrasa: n. mraos k. ak. rumasa; kc. rasa.
mrasabêni: kn. awèh wêruh (pamit) marang; kc. prasabên.
mrasajani: kn. ak. kandha barès (walèh) marang; kc. prasaja.
mrasah: kn. ak. mblasah.
mrasudi: kn. ak. mêrsudi; kc. prasudi.
mrasuk: kn. ak. mlêbu ing, rumasuk; kc. rasuk.
mrastawakake: kw. maspadakake; kc. prastawa.
mratah: pc. wrata ing êndi-êndi, wis umum.
mratak: êngg. pc. mêrkatak.
mratandhani: kn. ndèkèki pratandha, mracihnani; kc. pratandha.
mratani: n. mradini k. 1 ngêdum wrata marang; 2 wrata ing ngêndi-êndi; kc. wrata.
mratelani, mratelakake: 1 nêrangake, kandha marang; 2 gawe pratelan, awèh pratela marang; kc. pratela.
mratikêli: kn. ak. nggunani, mênggawe; mratikêlake: ngiguhake, awèh rêmbug (srana); kc. pratikêl.
mratingkah: kn. ak. kakehan pratingkah; kc. pratingkah.
mratok: êngg. kn: nunggu; kc. pratok.
mracayakake: n. mracadosakên, mitadosakên k. ak: pitaya (pracaya) marang, masrahake marang; kc. pracaya, pitaya.
mracang: éngg. kn: dodolan bumbu-bumbu lsp.

mraceka: kw. nganggit-anggit, ngathik-athik; kc. praceka.
mracik: pc. pêpak bangêt; kc. racik.
mracondhang: kw. 1 ngênani, natoni; 2 ngalahake; kc. pracondhang.
mrawani: kn. ak. 1 kaya prawan; 2 nganggo (olèh) prawan.
mrawasa: 1 kw. nêmpuh, mêksa, ngrusak; 2 êngg. milara; kc. prawasa.
mrawata-suta: kw. (kaya gunung anakan) bungah bangêt.
mraweda, mrawedani: kw. ngarah, mindêng, mêlêng; kc. praweda.
mre: kn. mêre.
mrèdèh: êngg. kn. wangkod, ora manutan.
mrèjèl: pc. saèm. mrojol.
mrèjèngi: kn. mêcèli kayu bulugan diwangun pêsagi; kc. prèjèng.
mrema: êngg. kn. ngeman marang; kc. prema, pirma.
mrèmbèt: pc. tumular; kc. mrambat.
mrèmèn: pc. nular marang; kc. mraman.
mrene: n. mriki k. mênyang ing kene.
mrentah: 1 kn. ngêrèh; 2 (ut. [x]-i kn. ndhawuhi ki) akon nindakake; kc. prentah.
mrèntèk: kn. nular-nular (tmr. gêni, uga dianggo ent).
mrènyèh: pc. mlênyèh.
mrèngès: kn. nyêngèngès cangkême.
mrèngkèl: êngg. kn. ngèngkèl, ngèyèl (êmoh ngalah, êmoh manut).
mrepal: êngg. kn. akèh bangêt, turah-turah.
mrèpèd: kn. ak. mlèpèd, mipit; kc. prèpèd.
mresa: pc. mriksa; kc. presa.
mrècèli: pc. mêcèli kayu lsp; kc. prècèl.
mrècèt: pc. nglècèp.
mrèthèli: 1 padha pithil (gogrog); 2 (kênèse -) pc. kênès bangêt.
mêbrêng-mêbrêng: kn. ak. abang raine (dening kêpranan lsp).
mrêbês: kn. ak. mbrêbês.
mrêbês-mili: kn. nangis mung ngêtokake luh bae (tanpa swara).
mrêdangga: kw. ak. gamêlan.
mrêdêng: êngg. ak. adrêng bangêt (marga sêlak butuh lsp); kc. adrêng, prêdêng.
mrêdu: (S) kw. alus, lêmbut, lêmês; kc. mêrdu.
mrêjit-mrêjit: kn. merang-merang; kc. prêjit.
mrêga: (S) kw. ak. 1 buron alas; 2 kidang.
mrêgalancana: (S) kw. ak. rêmbulan.
mrêganata: (S) kw. ak. macan.
mrêgêdud: kn. ak. nggugu karêpe dhewe.
mrêgil: kn. ak. pisah, mênjila.
mrêki: kn. 1 bngs. gurêm; 2 êngg. sindap.
mrêlik: kn. ak. pêlik-pêlik (sumorot).
mrêm: kw. 1 marêm; 2 mêrêm.
mrêmbèh: kn. ak. nangis; kc. prêmbèh.
mrêmbêng: (-mrêmbêng) êngg. kn. mrêbêng-mrêbêng.
mrêmbês: pc. rêmbês.

mrêmyêng-mrêmyêng: êngg. kn. ramyang-ramyang, rêmyêng-rêmyêng.
mrêmpêng: kn. ak. mêmpêng bangêt; kc. prêmpêng.
mrêmpul: kn. mrêntul-mrêntul (tmr. banyu); kc. prêmpul.
mrênding: kn. mrinding (tmr. tali lsp).
mrênèng-mrênèng: pc. katon bêcik-bêcik (tmr. sandhangan).
mrêntul: kn. mêtu pating prêntul (tmr. gêtih lsp).
mrênthêl: kn. 1 awangun prênthêlan (tmr. rambut lsp); 2 mênthêl.
mrênthil, mrênthul, mrênthol: pc: awangun kaya pênthil(pênthul, pênthol).
mrênyên: pc. bêcik bangêt (ênggone nyandhang).
mrêngês: kn. irêng gilap (tmr. untu disisigi).
mrêngêt: kn. ak. angêt, panas.
mrêngguk: kn. rada mangkêl, sêrik atine.
mrêngkal: êngg. kn. mrèngkèl.
mrêngkang: kn. ora manut, ndaga.
mrêngkêl: pc. abuh atos (tmr. daging).
mrêngkêng: kn. ak. wangkod, ora nggugu, cukêng.
mrêngut: kn. ora bêning polatane (rada nêpsu); kc. prêngut.
mrêp: kw. nggitik, nêmpuh; kc. pêrêp.
mrêpak, mrêpêk: êngg. kn. 1 cêpak; 2 wis cêpak bangêt (mèh tumêka mangsane); mrêpêki kw: nyêdhaki, mara.
mrêpat: pc. tangga desa; kc. mrapat.
mrêpèpèh: kn. ak. ngrêpèpèh; kc. rêpèpèh.
mrêpêg: êngg. kn. mrupug.
mrêpêt: pc. pêtêng (dening mêndhung lsp); kc. prêpêt.
mrês: kw. mêrês.
mrêsa, mrêsodita: (S) kw. ak. goroh.
--- 334 ---
mrêsêp ~ mwat.
mrêsêp: kn. ak. rumêsêp.
mrêsul: êngg. ak. ndhugal.
mrêta: kw. kc. marta, mêrta.
mrêtêk: pc. ngênêtake, mêtêk, abot bangêt; kc. pêtêk.
mrêti: (S) kw. ak. mati, pati.
mrêti-desa: êngg. pc. bêrsih desa.
mrêtyu: (S) kw. 1 pati, mati; 2 blêdhèg.
mrêcêt: pc. 1 bêbanyu sathithik; 2 kn. lair, nglairake; kc. prêcêt.
mrêcuti: pc. wiwit tuwa (tmr. pari); kc. mrêcuti, mlêncuti.
mrêcon: kn. kc. mêrcon.
mribu: kw. nggodha, ngribêdi.
mrih: kw. murih, amrin.
mrihatini: ak. mrihatinake n. mrihatosi ak. mrihatosakên k: prihatin mungguh (tumrap) ing; kc. prihatin.
mriyayi: mriyayèni n.mriyantun(-i) k: kaya patraping priyayi.
mriyang: kn. krasa panas (tmr. badan); kc. priyang.
mriyangyang: kw. mêryangyang.

mriyêm: kn. bngs. bêdhil gêdhe bangêt; di-[x]: didrèl ing mriyêm.
mriyêmbada: kw. ngungrum; kc. priyêmbada.
mriyi: pc. pating klacir kurang subur (tmr. tanduran).
mriyogakake: n. mriyogèkakên k. pc. mrayogakake; kc. priyoga, prayoga.
mriyos: I êngg. k: mriksa; kc. priyos. II êngg. k: mrica.
mrik: kw. ngambar ambune.
mrika: k. 1 mrana, mrono; 2 êngg. kono.
mriki: k. 1 mrene; 2 êngg. kene.
mriku: k. êngg. mrono.
mriksa: kn. niti-priksa, namatake; kc. priksa.
mrimani: kn. ak. pêpriman marang, ngêmisi; kc. priman.
mrimpèni: kn. ngaton ana ing sajroning pangimpèn; kc. primpèn.
mrimpêni: kn. ak. nyimpêni; kc. primpên.
mrina: kn. 1 mèlu muring (ngrewangi) dening kancane (sanak sêdulune) dipialani liyan; 2 êngg. mèri.
mrinah: êngg. kn. mèri; kc. mrina.
mrinding: kn. 1 mrênding (mèh pêdhot tmr. tali lsp); 2 ([x] awake) krasa adhêm bangêt, ndhrêdhêg; 3 pc. miris, wêdi.
mrintis: kn. 1 ana pruntus-pruntuse (tmr. kulit); 2 pc. rada katon lêmu, rada mundhak kasugihane.
mrinci: kn. 1 milah-milah; 2 ngetung dipilah-pilah; kc. princi.
mrinyu: êngg. kn. bngs. pulisi (gêbayan) ing desa.
mring: 1 kw. marang. mênyang; 2 êngg. ing.
mringin: kn. turu matane ora mêrêm rapêt.
mringis: kn. 1 mênga katon untune (tmr. cangkêm); 2 pc. ora rapêt panutupe, rada katon; kc. pringis.
mringkil: kn. krasa ut. awangun kaya pringkilan; kc. pringkil.
mringkus: kn. dadi cilik (tmr. ragangan, pawakan); kc. pringkus.
mripat: k. mata.
mripih: 1 kw. ngrêrapu, nglipur; 2 êngg. nênakoni kalawan alus; kc. pripih.
mripit: kn. 1 mlipir, turut ing pinggir; 2 pipit bangêt; kc. pipit, pripit.
mrica: kn. ar. woh rasane pêdhês (digawe bumbu, jamu lsp).
mrithili: kn. padha prithil, mêthili; kc. prithil.
mrujuk: êngg. kn. mrojok.
mruga: êngg. kn. 1 mirunggan, tanpa wuwuhan apa-apa; 2 murga.
mrugul: kn. ak. ngrujag (wong wadon); kc. prugul.
mrugusi: kn. ngêriti lsp. nganti prugus; kc. prugus.
mrukah: mrokah êngg. kn. 1 mêngangah (tmr. gêni); 2 ngêngrêng arame (tmr. duwe gawe, pista lsp).
mruntus: kn. 1 mêtu pating pruntus (kringêt, lsp); 2 pc. nyambut gawe kanthi rêkasa; kc. pruntus.
mruncah: êngg. kn. ngêthok-ngêthok lsp. diêdum; kc. pruncah.
mrunggul: kn. 1 ngêthok pang lsp; 2 nyugag (gunêm lsp); 3 ak. mrugul (ngrujag); kc. prunggul.
mrungsal: pc. mursal.

mrupug, mrupuk: êngg. kn. gapuk, pupuk.
mrupuh: kn. ak. ngêthoki, nutuh; kc. prupuh.
mruput: êngg. kn. (têka, nggarap lsp) ing wayah esuk umun-umun; kc. pruput.
mrusa: kn. mêksa, njiyat; kc. prusa.
mrusuh: I êngg. kn. êmpuk mêmpur (tmr. apa-apa kang digodhog). II [x]-i êngg. kn. nutu pari; kc. prusuh.
mrusul: pc. bandhol.
mrutah: êngg. kn. mruncah.
mrutu: kn. bngs. lêmud cilik.
mrucah: êngg. kn. mruncah, mrutah.
mrucut: kn. uwal saka ing (cêkêlan lsp).
mruthuli: pc. mrèthèli, mrithili.
mruwat: êngg. kn. murwat.
mruwun: kn. pating jlêbut (ora klimis, tmr. rambut).
mrobol: êngg. kn. mrojol.
mrojok: êngg. kn. mbrojol saka ing; [x] ingakêrêp br: linuwih, pinunjul.
mrogol: (-i) kn. mancasi pang lsp. (kang pucuk).
mrompang: (-i) êngg. kn. nêgori.
mrono: n. mrika k. 1 mênyang ing kana (kono); 2 êngg. ngono, mêngkono.
mronggol: (-i) kn. mrogol(-i).
mrongkal: kn. awangun prongkalan.
mrongkol: kn. 1 awangun prongkolan; 2 ([x] wêtênge) pc. krasa atos ing wêtêng.
mrongos: kn. untune katon nyongat-nyongat mêngarêp.
mrosa: kn. ak. mrusa.
mrosot: êngg. kn. 1 mrucut; 2 suda bangêt, mlorod.
mrotès: pc. protès marang.
mrocot: kn. 1 êngg. mrucut; 2 ks. lair, nglairake; kc. procot.
mrotholi: kn. ak. mrèthèli, mrithili.
mwab: kw. ak. umob.
mwang: kw. lan, sarta.
mwas: kw. ak. mili, têlês.
mwasani: kn. ak. muwasani; kc. puwasa.
mwat: kw. ak. amot, momot.

1. Huruf Jawa: ma.
2. maju-mundur.
3. nyanggêmi.
4. salsalan.
5. makangsali.
6. panjêr.
7. baris.
8. pangincênge.
9. gêgambaran.
10. nggrênjêl.

11. mêlêsat.
12. pc.
13. njêgrag.
14. ambêk.
15. ndadak.
16. wujud.
17. diwiwiti.

--- 335 ---

N

na ~ nayawit.
na: I pc. saèm.lah. II pc: ana. III. [x] gandhul ([x] gandhèl) kn: [...][1] IV kw: mêngkono, mêngkana, mêngkene.
naas: kn. (dina [x]) dina kang dadi sirikan ora kêna dianggo duwe gawe lsp. (yaiku dina gêblage wong tuwane lsp).
naba: (S) kw.ak. langit, awang-awang.
nabag: kn. gawe ut. ngêtrapi tabag; kc. tabag.
nabah: I kw. nabuh; kc. tabah. II [x]-ake êngg: mbêtahake; kc. tabah.
nabastala: (S) kw.ak. awang-awang, langit.
nabda: kw. clathu, gunêman; kc. sabda.
nabêla: kn. nglêbokake ing tabêla; kc. tabêla.
nabêrèni: kn. ak. nyrêgêpi; kc. tabêri.
nabêt: I kn. 1. ana tabête; 2. ana têtilase; kc. tabêt. II kw: nyabêt; kc. sabêt.
nabi: I (A) kn. wong suci kang pinaringan pêpadhanging Allah bisa mêmêca. II (S) kw. (êngg.ki): wudêl.
nabiki: kn. kurmat sarana tabik; kc. tabik.
nablasake: êngg. mbutulake, nêrusake; kc. tablas.
nablêg: êngg.kn. ngurug sumur lsp; kc. tablêg.
nabuh: kn. 1. nuthuk gamêlan (bêdhug lsp); 2. êngg. nglêpasake mriyêm (bêdhil lsp); kc. tabuh.
nabur: kn. mbludir; kc. tabur.
nabok: (-i) kn. ngêplak êndhas; [x] nyilih tangan pr: mialani nyambat wong liya; kc. tabok.
nabrak: êngg.pc. 1. numbuk; 2. nunjang, nrajang; kc. tabrak.
nabrang: kn. ak. nyabrang; kc. sabrang.
nabrèni: kn.ak. nyrêgêpi; kc. tabêri. nada (S) kw. 1. swara; 2 nywara, muni.
nadamah: (A) kn.ak. piduwung, kêduwung, gêtun.
nadar: (A) kn.ak. kaul, kasaguhan kang bakal dilakoni samangsa kang disêdya wis kêlakon.
nadi: kw. kali.
nadpada: kw. ngabêkti, sungkêm.
nadyan: kn. sênadyan.

nadya: br. aja.
najam: (A) kn.ak. lintang.
najan: pc. sênadyan.
najèni: kn. sêsaji marang; kc. saji, sajèn.
naji: kn. namakake taji; kc. taji.
najin: I (ut. [x] -i) kn. ngiling tajin saka ing kêndhil; kc. tajin. II kn: mèh awoh (tmr. gêdhang).
najis: (A) kn. 1 rêgêd (mungguhing agama Islam); 2 êngg. sêsukêr; 2 êngg. jijik, ora sudi; di-[x]-ake ak: 1 dianggêp najis; 2 dirêgêdi; 3 diêmohi.
najug: kn. nakoni (ndakwa, ngunjêri); kc. tajug.
nadhah: kn. 1 kw. mangan; 2 ak. manuh, matuh; 3 ak. kurang mayat (tmr. payon); kc. tadhah.
nadhong: êngg. pc. nyadhong.
naèk: I pc. ks. bêbanyu; kc. tai. II êngg. pc: munggah.
naga: 1 kw. ak. gajah; 2 kw. ula; 3 kn. ula gêdhe; 4 ak. ula siluman kang njaga keblat (ana kang alihan sabên dina, sasi, tahun, dianggo petungan).
naga-banda: kn. ar. têmbang gêdhe.
nagagini: kw. ula wadon.
nagakusuma: 1 kn. ar. têmbang gêdhe; 2 (ut. -puspa, -puspita) kw. nagasari.
nagara: n. nagari k. 1 kutha kang didalêmi ing ratu; 2 kutha papaning panggêdhening karesidhènan, kabupatèn lsp; 3 tlatah kang kawêngku ing ratu (ut. presidhèn) 4 tanah; 5 pamarentah.
nagasantun: k. ak. nagasari.
nagasari: kn. 1 ar. wit; 2 ar. panganan (kang digawe gêdhang); 3 ar. bathikan.
nagasasra: kn. ar. dhapuring kêris luk têlulas.
nagih: kn. 1 njaluk supaya disauri, njaluk apa kang wis disaguhake; [x]-i: njalari pêtagihan;[2] kc. tagih.
nagih pati: br. nêdya malês pati.
nagna: (S) kw. ak. wuda.
nagur: kn. intên tiron.f
nagri: kw. nagara.
nah: I pc. saèm. lah. II pc: nonah. III [x] anggèr kw: panyêluk marang wong nom kang dhuwur pangkate.
nahan: I kn. mêkak. mbêtahake; kc. tahan. II kw: 1 mêngkono; 2 tumuli, banjur (tmr. crita).
nahas: kn. ak. kc. naas.
nahên: kw. nahan.
nahidi: br. nêksèni; kc. said.
nahlilake: kn. maca tahlil kanggo nyêmbahyangake; kc. tahlil.
nahmi: (A) kn. ak. tuladha.
nahwu: (A) kn. ak. paramasastra (Arab).

nai: n. ninja k. 1 anak kucing, manak (tmr. kucing); 2 ak. kaya tai; 3 mêtu têtaine (tmr. wêsi); 4 ak. kaya têtai; 5 ks. bêbanyu; [x] lalêr pc. tansah madoni; kc. tai.
naib: (A) kn. pangkating punggawa mêsjid sêsulihing pangulu.
naim: (A) kn. ak. turu.
nain, naing: êngg. kn. nanging.
naya: I (S) kw. ak. 1 pratingkah; 2 kawicaksanan; 3 pangrèh (ing praja), pulitik. II ut. nayana kw. 1 ulat, polatan; 2 ak. mata.
nayab: kn. nyolong mlêbu ing omah ing wayah awan; kc. sayad.
nayadake: ak. ngawadake; kc. sayad.
nayadi: kw. sumèh.
nayaga: kn. ak. niyaga.
nayaka: (S) L 1 kw. panuduh, panuntun; pangarêp; 2 juru rêmbug (pangkat sadhuwuring bupati); 3 kn. ak. ministêr.
nayana: (S) kw. 1 ak. mata; 2 ulat, polatan.
nayang: kn. ak. dadi sayang.
nayawit: (S) kw. ak. wasis, pintêr.
--- 336 ---
nayub ~ namu.
nayub: kn. njogèd ngibing tlèdhèk; [x]-an: njogèdake tlèdhèk diibing; kc. tayub.
nayuh: kn. ak. 1 ngudi supaya diprimpèni (ing wêsi aji, jago kang arêp diêdu lsp); 2 (ut. [x]-i) mrimpèni; kc. tayuh.
nayukake: kn. ngrukunake; kc. sayuk.
nayum: kn. ak. jamurên, saya suwe saya gapuk; kc. tayum
nayung: pc. mayung.
nayut: kn. ak. 1 ngrangkul; 2 mulêt, nggubêd; 3 (ut. [x]-i) kw. nyandhêt; kc. sayut.
nayogyani: kn. ak. mupakati, cocog; kc. sayogya.
nayoh: kn. ak. nayuh.
nayom: êngg. kn. ngajak; kc. sayom.
nak: pc. anak.
naka: (S) kw. kuku.
nakadake: mbêtahake; kc. takad.
nakal: kn. 1 ndhugal, ala atine; 2 ora manutan (tmr. jaran).
nakar: kn. ak. riyaya tanggal 10 sasi Bêsar.
nakbiri: kn. maca takbir; kc. takbir.
nakdir: kn. ak. nêtêpake lêlakoning manungsa; kc. takdir.
nakjir: kn. ak. nibani paukuman; kc. takjir.
nak-dulur: n. nak-dhèrèk k; pc. nak-sanak.
nakèni: nakèkakên k. nakoni, nakokake.
nakêr: (-i) kn. ngukur nganggo takêran; kc. takêr.
nakir: kb. gawe takir; kc. takir.
nakyinake: kn. ak. mriksa; kc. takyin.
nak-kumanak: kn. 1 turun-têmurun. tangkar-tumangkar; 2 anakane manak manèh (tmr. motangake dhuwit); kc. anak.
nakur: (-i) kn. ngêruki nganggo sikil (tmr. jaran lsp); kc. thakur.

nakodha: (Prs) kn. ak. sudagar palayaran.
nakoni: n. nakèni k. ndangu k. takon marang; kc. takon.
nak-sêdulur: n. nak-sadhèrèk k. sêdulur tunggal êmbah.
nak-sanak: kn. kc. nak-sêdulur.
naksatra: (S) kw. lintang.
naksihakên: k: ngisihake.
naksir: kn. ak. ngira-ira; kc. taksir.
nal: kn. ak. ênal.
nala: kw. ati, pangrasaning ati.
naladi: naladake kn. ak. ngombèri wêktune; kc. talad.
nalak: kn. ak. mêgat; kc. talak.
nalangi: kn. 1 ngêtrapi talang; 2 nukokake dhisik; kc. talang.
nalangsa: kn. ak. nlangsa.
nalar: kn. 1 panggagas; 2 angên-angên, gagasan; 3 budi, bênêring pamikir; 4 pc. prakara; 5 ak. jalaran, sêbab; di-[x]-ake ak: ditêrangake jalarane.
nalendra: kw. ratu; kc. narendra.
nalèni: n. nangsuli k: ningsêti nganggo tali; kc. tali.
nalêrake: kn. ak. nurut talêre; kc. talêr.
nalês: êngg. kn. plikêt kaya talês (tmr. sêga).
nalêsi: kn. ndhasari; kc. talês.
nalib: kn. nêkuk, nglêmpit; kc. talib.
nalika: I kw. nêlik. II kn: ing wêktu: [x] samana: ing wêktu iku; sa-[x]: ing wêktu iku uga.
naling: (-tarung) kn. ngêtrapi sandhangan taling(-tarung).
nalirah: (A) kn. ak. katêrangan bab jalaraning prakara; kc. nalar.
nalnalan, nalnilan: pc. tansah mloka-mlaku mrana-mrana (tmr. bocah wadon).
naluhi: êngg. ak. njêlèhi, mbosêni; kc. taluh.
naluri: I kn. ak. miturut kang uwis-uwis; kc. luri. II kn. ak. darah, turun; 2 lêluhur kang nurunake.
nam: kn. kc. anam, ênam.
nama: k. jênêng; dipunnamani k. ak. diarani.
namakake: kn. nandukake gêgaman lsp ing; kc. tama.
namar: kn. ak. nyamur; kc. samar.
namaskara: (S) kw. ak. panyêmbah, pangabêkti.
namatake: kn. mandêng (ngingêtake) supaya tamat; kc. tamat.
nambahi: kn. muwuhi; kc. tambah.
nambak:(-i) kn. ndokoki tambak, mampêti; kc. tambak.
nambal: kn. nutup jarit lsp. kang amoh; kc. tambal.
nambani: I n. njampèni k. namakake tamba supaya mari; kc. tamba. II kn. ak: nindakake lsp. kalawan tamban; kc. tamban.
nambang: I kn. ak. 1 ora ngomahi marang bojone (durung dipêgat); 2 nunggang prau ing kali; [x]-ake: nyabrangake sarana prau; kc. tambang. II (sa-[x]) kw: 1000.
nambang: aksi kw. sawang-sawangan.
nambarake: êngg. ak. njalari ngabar; kc. tambar.

nambèni: êngg. k. nambani.
nambêli: kn. muwuhi kakurangane; kc. tambêl.
nambêm: (-ake) kn. ak. mêpêti.
nambêng:(-ake) kn. ak. mêpêti.
nambêng: I kn. 1 mêpêti ilining banyu; 2 êngg. mandhêg (tmr. banyu); kc. tambêng. II kn: 1 mbudhêg; 2 êngg. ngewuhake; kc. tambêng.
nambêr: (-i) kn. ak. nyambêr; kc. sambêr.
nambêti: k. ak. nambuhi.
nambi: I kn. ak. nyambi; kc. sambi. II kw: mblela ing ratu.
nambuh: (-i) n. nambêti k. ak: ora nggape marang; kc. tambuh.
nambung: (-i) I n. nambêt k. ak. nyambung(-i); kc. sambung. II ([x] laku) kw: ethok-ethok ora wêruh.
nambur: kn. ngunèkake tambur.
nambut: kw. nampani, nyêkêl; [x] silaning akrama kw: laki, rabi; kc. sambut.
nambong: kn. ethok-ethok ora wêruh.
namèk: (-an, -na) êngg. pc. nanging.
nami: êngg. k. jênêng.
namik: (-na) êngg. pc. nanging.
naming, namong: êngg. k. 1 mung; 2 nanging.
namnam: (-an) kn. ar. wit sarta woh.
namnaman: kn. barang-barang kang dinam; kc. anam, ênam.
namu: I êngg. kn. slamêtan nylamêti bocah cilik; dinamoni êngg: dislamêti.
--- 337 ---
II [x]-[x] kw: 1 ilang; 2 suwung, awang-awang.
namudana ~ nangèni
namudana: kw. kalawan sumèh; kc. samudana.
namun: kn. ak. nyamun; kc. samun.
namung: k. 1 mung; 2 êngg. nanging.
namur: kn. ak. nyamur; kc. samur.
namoni: k. ndhayohi; kc. tamu.
namong: êngg. k. 1 mung; 2 nanging.
namostu: (S) kw. ak. mugi pinujia.
nampa: I kn. ak. nggawa ing tembor lsp. II n. nampi k êngg. ak. nampani n. nampèni k: nadhahi, nrima; kc. tampa.
nampah: êngg. kn. kurang mayat (tmr. payon).
nampak: êngg. kn. nyêbar ing pawinihan; kc. tampak.
nampan: kn. ak. bngs. tembor; kc. panampan.
nampar: I kn. gawe tampar, mlintir; kc. tampar. II kn. ak: nyampar; kc. sampar.
nampeyan: êngg. pc. sampeyan (k. kowe).
nampèl: kn. 1 namplèk; 2 nampik; kc. tampèl.
nampèni: k. nampani.
nampêk: kn. 1 napuk ing rai; 2 br. ngênani (tmr. kêsusahan lsp); kc. tampêk.
nampêl: kn. nyakot lan nèmplèk (tmr. lintah); kc. tampêl.

nampêr: êngg. kn. nabok nêmpiling; kc. tampêr.
nampi: k. nampa.
nampik: kn. ngêmohi, ora gêlêm nampa; kc. tampik.
namping: kn. nggarap galêngan lsp. digawe mayat; [x]-i ak: ngaling-aling, ngayomi; kc. tamping.
nampyuk: kn. ak. nyampyuk; kc. sampyuk.
nampu: kn. ak. namponi; kc. tampu.
nampurnakake: kw. nyampurnakake; kc. sampurna.
nampol: êngg. kn. nêgor (kayu).
namponi: kn. nyiprati (tmr. banyu udan); kc. tampu.
nampong: êngg. kn. nampêk rai.
namtokake: ak. nêtêpake; kc. tamtu, têmtu.
nana: I ut. ora [x] êngg: ora ana. II kw. ak: 1 cangkêm, rai; 2 ilang rusak; 3 warna-warna.
nanah: kn. banyuning tatu (gudhig lsp) warnane putih; [x] wuk: nanah kang rêgêd (mambu bangêt).
nanakan: pc. tanak bangêt pangolahe.
nanak-nunuk: êngg. pc. mlaku alon muk-mukan.
nanangan: êngg. kn. sangan.
nanas: kn. ar. têtuwuhan sarta woh.
nanate: k. ak. nênau.
nandaka: (S) kw. ak. banthèng.
nandana: (S) kw. ak. anak.
nandangi: kn. tumandang nggarap lsp; kc. tandang.
nandêr: kn. ak. nyandêr; kc. sandêr.
nanduk: kn. ak. kêna ing, ngênani; [x]-i: 1 nanggapi gunêm lsp; 2 ngimbuhi (pangan lsp); [x]-ake:1 namakake (gêgaman lsp); 2 ngêcakake; 3 êngg. ak. akon miwiti mangan; kc. tanduk.
nandur: n. nanêm k. 1 mêndhêm têtuwuhan supaya thukul; 2 ndhêdhêr wiji; 3 ks. mêndhêm (ngubur); kc. tandur.
nanjak: I kn. 1 êngg. ndêdêr (tmr. dalan); 2 saèm. mumbul (nalikane njogèd). II [x]-[x] kn. gronjalan arêp ngadêg; 2 pc. tansah cilaka (ngrêkasa); kc. tanjak.
nanjakake: I êngg. kn. nyublêsake ing lêmah; kc. tanja. II kn. 1 migunakake dhuwit lsp (dianggo têtuku lsp); 2 pc. ngijir-ijir wêtuning dhuwit; kc. tanja.
nanjani: kn. ak. sanja mênyang ing; kc. sanja.
nanjangi: I k. nuturi; kc. sanjang. II êngg. kn. nêsêli (ngganti) tanduran; kc. tanjang.
nanjèhake: êngg. nanjihake.
nanjihake: kn. mriksa lan nggênahake, nyatakake; kc. tanjih.
nanjir: kn. 1 ([x] êndhas) nyunduki êndhas ing tumbak lsp; 2 êngg. ndakwa; kc. tanjir.
nanjuk-nanjuk: kn. numbuk-numbuk.
nanjung: I kn. ak. awangun kaya kêmbang tanjung. II (sa-[x]) kn. ak: sacêthing, satenggok (tmr. sêga). III kw: salin (jênêng lsp).
nandhak: êngg. kn. njogèdi tlèdhèk, ngibing; kc. tandhak.

nandhakake: kn. ak. mracihnani; kc. tandha.
nandhani: kn. nyirèni, nèkêni; 2 mracihnani, nêrangake yèn; kc. tandha.
nandhang: kn. 1 ak. nyandhang, mênganggo (sandhangan); 2 nêmahi (sangsara lsp); [x] dosa (-kêluputan): nglakoni dosa (kaluputan); [x] sangsara: nêmahi sangsara; kc. sandhang.
nandhêg: kn. ak. nandho, ngênêngake bae nganti akèh; kc. tandhêg.
nandhês: 1 kn. nganti jêro tumamane, têkan ing dhasar; 2 êngg. k. êntèk; kc. tandhês.
nandhing: kn. madhakake lan nglimbang (nimbang); kc. tandhing.
nandhu: I kn. mikul (nggawa ing) tandhu; kc. tandhu. II êngg. kn. nggadhe sawah; kc. tandhu.
nandho: kn. nglumpukake nganti akèh; kc. tandho.
naning-naning: kn. mantha-mantha dadi taningan; kc. taning.
nantang: kn. ngajak padu lsp; kc. tantang.
nanting: kn. 1 nglanting; 2 nimbang sarana kadèkèk ing tangan; 3 takon gêlêm lan orane; kc. tanting.
nantun: k. nari.
nang: I pc. mênyang. II êngg. pc. ana ing. III êngg: kêna ing. IV êngg: thole; kc. lanang, kênang.
nangani: kn. 1 ak. nandangi dhewe; 2 mara tangan (milarani); kc. tangan.
nangèkake: (ngwungokake ki) 1 nglawani supaya tangi; 2 nggugah; kc. tangi.
nangèni: kn. tangi arêp mêthukake (maling lsp); kc. tangi.
--- 338 ---
nangga ~ nararya.
nangga: I kn. sanja mênyang ing tangga; kc. tangga. II n. nanggi k. ak: nyangga.
nanggahi: êngg. k: nangguhi.
nanggal sapisan: br. wangune kaya tanggal sapisan (tmr. alis).
nanggap: kn. 1 nakoni, 2 ngrungokake têmênan; 3 nganakake tontonan sarana opahan; kc. tanggap.
nanggèni: k. ak. nanggoni.
nanggêl: k. nanggung.
nanggêm: kn. masang ing tanggêm; kc. tanggêm.
nanggênah: kn. ak. matah marang (masrahi pakaryan); kc. tanggênah.
nangguh: kn. nuju ing mangsa (wêktu) kang prayoga; [x]-i ak: nanggung yèn mêsthi bakal kêlakon; kc. tangguh.
nanggul: kn. ak. masang (gawe) tanggul ing; kc. tanggul.
nanggulangi: kn. 1 nyandhêt, ngalang-alangi; 2 nglawan panêmpuhing mungsuh; kc. tanggulang.
nanggung: I n. nanggêl k. mung têngah-têngah (ora mbabar pisani, durung tutug); kc. tanggung. II n. nanggêl k. ndhadhagi (nyanggêmi) yèn ana pakewuhe, mêsthèkake katêmênane (bêcike lsp) kanthi kasaguhan; kc. tanggung.
nanggung maras: kw. kuwatir, sumêlang.

nanggoni: kn. ak. ndhadhagi; kc. tanggon.
nanggori: kn. 1 kêtanggor ing; 2 êngg. pc. kêprêgok, kêpapag karo; kc. tanggor.
(nangi): nênangi kn. nggugah (pêpenginan lsp); kc. tangi.
nanging: kn. 1 têmbung pangikêt mratelakake kosok balèn; 2 ak. mung.
nangis: kn. muwun ki. mêdharake (ngêtokake) tangis; kc. tangis.
nangka: kn. ar. wit sarta wohe; [x] sabrang ([x] wlanda): ar. wit sarta wohe rasane kêcut.
nangkarake: kn. 1 miyara supaya nak-kumanak (tmr. sapi lsp); 2 ngêpingake; kc. tangkar.
nangkêb: kn. tumangkêb, tumutup; kc. tangkêb.
nangkêp: kn. 1 êngg. ak. nyandhak, nyêkêl; 2 nukup durjana lsp; kc. tangkêp.
nangkil: kw. seba, ngadhêp; kc. tangkil.
nangkis: kn. mbalèkake (nulak) tibaning gêgaman lsp; kc. tangkis.
nangkoda: kn. ak. nakoda.
nanglêd: êngg. k. 1 nagih; 2 nakêr; [x]-i êngg. k. 1 (ut. [x]-akên) nakoni, nakokake; 2 narungi; kc. tanglêd.
nangnangan: pc. ênggone mênang.
nangsaya, nangsayani: kw. njalari sangsara; kc. sangsara.
nangsangi: . 1 kn. ak. sumangsang ing; 2 ki. ngalungi; 2 ki nyundhuki; kc. sangsang.
nangsarani: kn. ak. njalari sangsara.
nangsuli: k. nalèni.
nangtang: kn. ak. nantang.
nangting: kn. ak. nanting.
(nau): nênau n. nênate k. ak. nglêlantih; kc. tau.
naun:. 1 kn. (lunga lsp) nganti têtaunan (suwe bangêt); 2 êngg. k. taun; kc. taun.
nauri, naurani: kn. ak. nyauri, mangsuli; kc. saur.
naut: kn. ak. nyokot, nyaut; kc. saut.
napa: I pc. k. apa. II ([x] aruh) kn. ak: nyapa; kc. sapa.
napak: kn. 1 tumapak ing; 2 miwiti tumandang; kc. tapak.
napak tilas: kn. nglari, nulad kang wis linakonan ing liyan.
napakake: I kn. midakake sikil ing; kc. tapak. II kn. tapa tumrap ing wong liya; kc. tapa. III dipun-[x] pc. k: diapakake, dikapakake.
napal: êngg. ak. lapal.
napani: kn. ak. nglakoni tapa marang; kc. tapa.
napas: I kn. klawu sulak kuning (tmr. ulêsing jaran) II (A) kn: 1 ambêkan; 2 br., roh.
nape: kn. gawe tape, dadi kêcut (tmr. têbu lsp); kc. tape.
napèni: êngg. kn. ngilangi lan milihi rêrêgêd kang campur ing bêras lsp. sarana ditintingi ing tampah lsp; kc. tapi.
napêl: kn. 1 ngrakêtake, matri; 2 nampêl (tmr. lintah); [x]-i: ngêtrapake tapêl ing; kc. tapêl.

napi: I êngg. kn. napèni; kc. tapi. II êngg. k. apa. III êngg. nanging. IV kw. suwung (tanpa apa-apa).
napih: kn. ak. misah, nyapih; kc. sapih.
napihi: kn. ngétrapake tapih ing; kc. tapih.
napis: (ake) kn. nggolèki lsp. nganti tapis; kc. tapis.
napuk: kn. nampêk rai; [x]-ake: miwiti; kc. tapuk.
napung: (ake) kn. ngêsokake bêras karon ing kukusan; kc. tapung.
napsi-napsi: êngg. kn. 1 warna-warna; 2 walak-walak, mawa-mawa.
napsir: êngg. pc. ngira-ira (kèhe lsp); kc. tapsir.
napsiri: kn. ak. nêrangake makna (surasa); kc. tapsir.
napsu: (A) kn. ak. 1 hardaning ati; 2 muring; kc. nêpsu.
naptu: kn. angkaning dina (sasi, taun lsp, ing petungan).
naradipa, naradipati, naraji: kw. ratu.
narah: kw. nyarah, sumarah marang; kc. sarah.
naraka: kn. papan paniksaning sukma (ing alam ngakerat).
narakarya: kw. karerehan.
narakusa, narakuswa: 1 kw. wong-wong ut. palêmahan miji (kagunganing ratu); 2 êngg. wong-wong kang wajib kêna ing pagawean gugur-gunung.
naranata: (S) kw. ratu.
narang: kn. nyèlèhake (nggantung) ing papan kang dhuwur (tmr. jagung lsp); kc. tarang.
narapati: (S) kw. ratu.
narapraja: kw. priyayi.
narapwan: kw. supaya.
nararya: (S) kw. ratu.
--- 339 ---
naraca ~ nawar.
naraca: (S) kw. panah.
narawantah: kw. linuwih.
narawara: (S) kw. senapati, prajurit.
narawata: kw. sumêbar anjrah, tanpa kêndhat.
narawita: kn. 1 ak. mung mligi kagêm ing panjênênganing ratu (tmr. sawah, palêmahan lsp); 2 sawah lsp. ing padesan kang dipilih karo panunggalane (dimligèkake); 3 êngg. sawah darbèking padesan.
narbukani: kn. nêrangake têgêsing impèn lsp. kc. tarbuka.
narjoni: kn. ak. mupakati, nayogyani; kc. sarju.
narendra, nareswara: (S) kw. ratu.
narendramahisi, narèswari: (S) kw. garwaning ratu, ratu putri.
narêngi: kn. ak. mbarêngi; kc. sarêng.
nari: I n. nantun k. takon gêlêm lan orane; kc. tari. II (S) kw. ak: wong wadon.
narik: I kn. 1 nggèndèng, nggèrèd, nyènèng; 2 ngunus, nglulus; 3 njaluk dhuwit pajêg (urunan lsp); 4 nggêbug ing lotre; 5 ngundang marang pangadilan; kc. tarik. II [x]-[x] kn. nata tharik-tharik; kc. tharik.
narima: n. narimah k. ak. nrima.

naring: kn. ak. nyoba; kc. taring.
narya: kw. ratu; kc. nararya.
naryama: (S) kn. ak. senapati.
narka: kn. ak. ndakwa, ngira ala; kc. têrka.
narmada: kw. kali.
narnaran, nar-nir: pc. tansah sumêlang atine.
narubake: kn. ak. nglumpukake wadyabala; kc. tarub.
naruh, naroh: êngg. kn. ndèkèkake, nyèlèhake; kc. taruh.
naruh:(-i) kw. mbarungi, nêngah-nêngahi ngrigoni; kc. taruh.
naruhake: êngg. kn. manuhake; kc. taruh.
naruk, narok: êngg. kn. nyèlèhake, ndèkèkake.
narukrama: kw. tumindak kang murang tata; kc. saru.
narung bingung:(-binung) êngg. pc. nrunjêl mèlu gawe rame.
narungi: n. nanglêdi k. ak. nglawan; kc. tarung.
naros: êngg. k. nari.
narpa, narpati: kw. ratu.
nas: I pc. 1 ora suda saku,[3] 2 wis dianggêp kalah (marga nrajang wêwatoning dolanan lsp). II kn. ak: têtêmbungan (ing kitab).
nasa: (S) kw. ak. irung.
nasab: (A) kn. ak. turun.
nasabi: kn. ak. nutupi; kc. sasab.
nasag: kn. nrajang; kc. sasag.
nasak: êngg. kn. nrajang ing têngah (pasukêtan lsp); kc. sasak.
nasaki: kn. ngêtrapi sasak ing; kc. sasak.
nasar: kn. ak. mblasar, kliru; [x]-ake: mblasukake; kc. sasar.
Nasarani: kn. ak. Kristên.
nasdikake: kn. ak. nyatakake; kc. tasdik.
nasehat, nasekat, nasihat: (A) kn. ak. pitutur.
nasib: (S) kn. ak. bêgja-cilaka, pêpêsthèning lêlakon.
nasihakên: êngg. k. ngisihake.
nasika: (S) kw. irung.
nasiki: ki. mupuri; kc. tasik.
nasional: (W) kn. kabangsan.
nasionalis: (W) kn. wong kang ngrungkêbi kabangsan.
nasoka: (A) kn. ak. kêduwung (martobat) têrusing ati).
nasrahi: kn. ak. mènèhi sasrahan.
Nasrani: kn. ak. Kristên.
nastapa: kw. 1 susah, sêdhih; 2 prihatin; 3 mêrtapa.
nastijab: kn. ak. mandi, sêtijab.
nastika: (S) kw. ak. wong tanpa agama.
nastiti: kn. ak. sêtiti.
nastha: (S) kw. rusak, ilang.
nata: I kn. ngrakit, masang; kc. tata. II (S) kw. ratu.
natah: kn. namakake tatah; kc. tatah.
natal: kn. 1 ak. ninggal tatal (turahan); 2 êngg. ks. mangan; kc. tatal.
natar: kw. latar.
natas: kn. 1 mêdhot; 2 (sawêngi [x]) muput; kc. tatas.

nate: k. tau.
nati: (S) kw. ak. pasaja.
natkala: kn. ak. nalika, rikala.
natmata: I kw. mandêng; kc. satmata. II [x] ing brangta kw. agawe lêganing sêngsêm.
natur: kn. 1 akon ngadêg jêjêg (tmr. jaran); 2 ngotong[4] bocah kang arêp bêbanyu; kc. tatur.
natoni: kn. njalari tatu; kc. tatu.
natos: êngg. k. tau.
natpada: kw. sumungkêm.
natya: kw. pasêmoning polatan (praèn).
nacab: êngg. kn. 1 nyabrang; 2 nganggo lênga cacab; kc. cacab.
nacad: kn. mada, maoni; kc. cacad.
nacah: kn. 1 ngirisi (ngrajang) lêmbut-lêmbut; 2 ngrikiti jarit lsp. (tmr. tikus); kc. cacah.
nacahake: kn. milang pira cacahe; kc. cacah.
nacak: êngg. kn. miwiti nyoba; kc. cacak.
nacal: kn. ak. macal; kc. cacal.
nacar: I kn. nyublik; kc. cacar. II êngg. kn. mancas; kc. cacar.
nacing: kn. ak. kaya cacing; [x]-i: ngombèni obat cacing; kc. cacing.
nawa: I n. nawi k. ak. 1 nganyang; 2 tawa, akon tuku; kc. tawa. II (S) kw. 9.
nawala: (-patra) kw. 1 layang; 2 layang katêrangan.
nawani: n. nawèni k. tawa marang; kc. tawa.
nawang: kn. 1 ak. nyawang; 2 (ut. [x]-ake) ndêlêng sarana dipadhangake ing sorot; kc. sawang, tawang.
nawar: I (ut. [x]-ake) kn. gawe tawar (ing wisa lsp); kc. tawar.
--- 340 ---
II êngg. kn. nganyang; 2 tawa, nawani; kc. tawar.
nawèkakên ~ netra.
nawèkakên: k. nawakake; kc. tawa.
nawèni: k. nawani; kc. tawa.
nawêngi: kw. nglimputi; kc. tawêng.
nawi: I k. nawa. II kn. êngg: 1 nanging; 2 (ut. nawian, nawin) rak, jêr.
nawu: kn. ngêsat sarana dicidhuki banyune; kc. tawu.
nawung: kn. ak. 1 ngumpulake; 2 nata, nganggit; 3 mangsuli; [x] kridha kw: alus pangrasane nganti bisa nanggapi krêntêging liyan; [x] rudatin ([x] turida) kw: nandhang susah (sêdhih); kc. sawung.
nawur: I (ut. [x]-ake) kn. ak. nyawurake. nyêbar; kc. sawur. II êngg. kn: nibakake jala; kc. tawur.
neje: êngg. ak. ndhewe; nèjèkake ak. milah ndhèwèkake; kc. seje.
nèdhèng: I kn. ak. nyèdhèng; kc. sèdhèng. II [x]-[x] pc: ngaton mêtu.
nèdhèngi: kn. ngalingi nganggo tèdhèng; kc. tèdhèng.
negakake: kn. tega marang; kc. tega.
negang-negong: êngg. pc. menggak-menggok; kc. tegongan.
negin: êngg. kn. isih.
negung, negong: êngg. pc. menggok, nêkuk; kc. tegongan.

nèh: I pc. jêrnèh. II pc. manèh. III di-[x]-i pc. diwènèhi.
neyok:(-i) êngg. kn. ngrauk; kc. ceyok.
neyosakên: êngg. k. nèjèkake; kc. seje.
nèk: I (ut. [x]e) pc. 1 yèn, mênawa; 2 (ut. [x]-ne, [x]-[x]-ne) êngg, bok mênawa. II di-[x]-i pc: diwènèhi. III [x]-e êngg: 1 duwèke; 2 ênggone, olèhe. IV êngg. pc. nini.
neka-neka: kn. ak. warna-warna.
nekad: kn. 1 tumindak ngukuhi panêmune dhewe; 2 ([x]praya) ora prêduli apa-apa; kc. tekad.
nèkêl: (W) kn. ar. logam saèm. slaka.
nèkên:(-i) kn. nandha-tangani; kc. tèkên.
nèkêr: pc. dhir, sêtin.
nèkêt: pc. panèkêt.
nekung, nekong: pc. menggok têtikungan; kc. tikung.
nelad: kn. nuladha, niru; kc. telad.
nelak: pc. mbukak kêrtu; kc. telak.
nelakake: pc. nêrangake, mratelakake, mracihnani; kc. tela.
nèlèri: pc. ngrêgêdi; kc. tèlèr.
nèlnèlan: pc. tansah mloka-mlaku (ora jênjêm) tmr. bocah wadon.
nèm: k. nom.
nemahakên: êngg. k. nomahake.
nembak: I êngg. kn. niru, nulad; kc. tembak. II êngg. kn: mbêdhil; kc. tembak.
nèmbèl: kn. nambal; kc. tèmbèl.
nemblok: êngg. kn. mopok; kc. temblok.
nembo: êngg. kn. ngising ditadhahi godhong banjur dibuwang.
nembok: kn. mopok; kc. tembok.
nempe: I kn. gawe tempe. II êngg. ikêt-ikêtan mlithit.
nèmpèl: kn. tumèmpèl ing; kc. tèmpèl.
nèmplèk, nemplok: kn. rakêt tumèmplèk; kc. tèmplèk, tembplok[5]
nèmpol: kn. gupak rêrêgêd.
nèmpong: êngg. kn. napuk pipi; kc. tempong.
nendra: kw. turu.
nenja: êngg. k. nai.
nènèk: pc. nini.
nènèman: k. nonoman.
nènèr: êngg. kn. mèmèt.
nènès: kw. kênès.
nènthèng-nènthèng: pc. ngatonake pratingkah sajak nantang.
nèng: I pc. 1 ana ing; 2 mênyang ing. II pc. thèng.
nèngane: êngg. pc. e dadi mêngkono!
nèngèl: pc. êndhase mênthungul; kc. thèngèl.
nèngèng: kn. ngiringake gulune; kc. tèngèng.
nènggane: êngg. mênawa.
nènglèng: êngg. mènglèng; kc. tènglèng.
nengok: êngg. pc. ngungak, ndêlêng; kc. tengok.
nepang: kn. saèm. nêndhang; kc. tepang.

nepasi: kn. ngêbuti nganggo tepas; kc. tepas.
neple: pc. asor (cilik) bangêt.
neploki: pc. (uripe) nunut ing liyan; kc. teplok.
nepong:(-i) kn. 1 nggitik (nyabêt) ing tepong; 2 êngg. mopok galêngan; kc. tepong.
nepos: kn. nyablèk bokong; kc. tepos.
nèrèng-nèrèng: kn. mlaku sêmu miring; kc. sèrèng.
nèrès, nèrês: kn. nganggo tèrês; kc. tèrès, tèrês.
nering-nering: kn. nèrèng-nèrèng.
nèriti: (S) kw. ak. kidul kulon.
nerok: êngg. kn. niru; kc. terok.
nèsèg: êngg. kn. nèsèk.
nèsèk: I êngg. kn. 1 nasak; 2 ngrèngkèl, ngèyèl; kc. sèsèk. II êngg. kn: njaluk sêmbêt; kc. sèsèk.
nèsèr: kn. golèk iwak nganggo sèsèr; kc. sèsèr.
nèsèt: I kn. nglocop kulit lsp; kc. sèsèt. II kn. ak. akèh bangêt (untêk-untêkan).
nèt: I di-[x] pc. dipènèt. II êngg. kn; trêp. III di-[x] kn. ditulis bêcik bangêt.
netah: kn. ngajari mlaku bocah cilik; kc. tetah.
nètèg: I kn. ngêtok-ngêtokake supaya ilang rêgêde; kc. tètèg. II êngg. kn. notog; kc. tètèg.
nètèh: êngg. kn. bêcik bangêt; [x]-ake: ngucapake kalawan cêtha; kc. tètèh.
nètèk: pc. nusu; kc. tètèk.
nètèr: I kn. nyoba kapintêrane lsp; kc. tètèr. II kn. ak. rada mayat.
nètèsi: kn. 1 tumètès kêna ing; 2 mancurake banyu ing; 3 ak. cocog têmênan karo; kc. tètès.
netra: kw. mata.
--- 341 ---
netral ~ nêla.
netral: (W) kn. ora ngiloni sapa-sapa, tanpa agama (tmr. pamulangan).
netya: kw. pasêmoning polatan (praèn).
nècègake: êngg. pc. nocogake; kc. cècèg.
nècèk:(-i) kn. ngiris kulit kayu lsp. ora nandhês; kc. cècèk.
nècèli: kn. mêcèli kayu lsp; kc. cècèl.
nècês, nècis: (W) pc. sarwa bêcik (rêsik).
nethe: pc. tansah gunêman rame (bocah wadon).
nèthèki: kn. 1 nuthuki kayu lsp; 2 pc. nuthuki untu supaya rampal; kc. thèthèk.
nèthèl: (-i) kn. 1 nèsèt ut. nyopot kang krakêt; 2 êngg. ak. ngêlèti; kc. thèthèl.
nèwu: I êngg. kn. nawu. II pc. panèwu.
(nêb): I di-[x](-ake) kn. dilèrènake supaya mênêb; kc. ênêb, mênêb. II di-[x](-i, -ake) pc. diinêbi(-i, -ake); kc. inêb.
nêba: kn. bêbarêngan ambyuk ing (sawah lsp); kc. têba.

nêbah: I kn. 1 êngg. ak. ndhodhog (lawang lsp); 2 nêpak-nêpak sêru; kc. têbah. II êngg. kn. nrajang bêthèk lsp.
nêbak: I kn. nubruk tangane katamakake dhisik, ndêkêp kanthi mêncolot; kc. têbak. II êngg. kn: mbabadi; kc. têbak.
nêbal: I êngg. kn. macul têtuwuhan dikatutake lêmahe; kc. têbal. II kn. ak. nyêbal; kc. sêbal.
nêbang: êngg. kn. nêgor; kc. têbang.
nêbar: kn. ak. nyêbar; kc. sêbar.
nêbaruk: kn. nrambul mèlu kêndurèn lsp; kc. têbaruk.
nêbas: I kn. 1 tuku wowohan (pari lsp) isih ana ing wit; 2 mborong, ngutangi dhuwit dhisik; kc. têbas. II [x]-[x] êngg. pc: mlayu gêdandapan.
nêbda: kw. clathu, gunêman; kc. sabda.
nêbêk: êngg. nêbak; kc. têbêk.
nêbêla: kn. nglêbokake ing têbêla; kc. têbêla.
nêbêngi: kn. ak. nglumpuk ing; kc. têbêng.
nêbêrèni: kn. nyrêgêpi; kc. tabêri.
nêbih: k. ngadoh; kc. adoh.
nêbit: kn. ak. nyêbit; kc. sêbit.
nêbu: I n. ngrosan k. nanduri têbu; [x] sauyun pr: rukun bangêt; kc. têbu. II nênêbu kn: nglêlantih mlaku (tmr. bocah cilik); kc. têbu.
nêbus: kn. njaluk bali barang lsp. sarana mbayari utange; kc. têbus.
nêbut: kn. ak. nyêbut; kc. sêbut.
nêbok: I kn. ngêtrap têbok ing; kc. têbok. II êngg. kn: mbacok; kc. têbok. III êngg. pc: ngelikake.
nêdahakên: k. nuduhake; kc. tuduh.
nêdayakakên: k. ak. ngabèhake; kc. kabèh.
nêdya: kn. sumêdya, niyat; kc. sêdya.
nêjarahake:kn. ak. ngandharake; kc. sêjarah.
nêjujungake: kn. ak. nggêjojorake sikil; kc. sêjujung.
nêdha: k. 1 njaluk; 2 mangan; 2 ak. ayo.
nêdha nrima: kn. ak. matur nuwun.
nêdhak: k (êngg. kn). nurun, [x]-i ki: 1 nuruni; 2 marani; kc. têdhak, turun.
nêdhani: I k. 1 njaluki; 2 makani; 3 mangani. II kw: mènèhi; kc. patêdhan.
nêdhas: kn. (kulite) padha thithal lsp. marga kêtaman sabun kang kêras lsp; [x]-i ak: ngênani; kc. têdhas.
nêdhêng: kn. mbênêri, lagi tumêka ing mangsane; kc. sêdhêng.
nêdhi: êngg. k. 1 njaluk; 2 mangan; kc. têdha, têdhi.
nêgal: n. nêgil k. 1 ndadèkake (gawe) têgal; 2 nandur ing têgal; kc. têgal.
nêgale, nêgalo: êngg. pc. k. kae lo!
nêgar: kn. mlayu bantêr (tmr. jaran); kc. têgar.
nêgara: n. nêgari k. kc. nagara.
nêgêl: êngg. kn. muni nggantêr (tmr. manuk); [x]-i, nêgêni ak. nindakake (nggarap lsp) kalawan têgêl; kc. têgêl, têgên.

nêgês: I kn. takon mungguhing karêp (têgêse); [x]-i: njarwani, nêrangake têgêse; kc. têgês. II kn: udud têgêsan (ing liyan); kc. têgêsan.
nêgi: êngg. pc. ([x] lawang) nginêb lawang; kc. têtêg.
nêgil: k. nêgal.
nêgile, nêgilo: êngg. pc. k. iki lo!
nêguhi: (-ake) kn. ak. ngukuhi, nyêntosani; kc. têguh.
nêgule, nêgulo: êngg. pc. k. iku lo!
nêgor: I kn. ngêbrukake wit lsp. sarana dikêthok pokoke; kc. têgor. II êngg. kn: ngaruh-aruhi; kc. têgor.
nêhêr: kw. tumuli, banjur.
(nêka): nênêka kn. ak. lagi bae têka ana ing sawijining panggonan; kc. têka.
nêkaburake: kn. ak. ngumukake; kc. têkabur.
nêkak: kn. ngênêtake gulu; kc. têkak.
nêkani: n. ndhatêngi k. (ngrawuhi ki) têka ana ing; 2 nyêmbadani, nglêksanani; kc. têka.
nêkdir: pc. mêsthèkake lêlakon; kc. takdir.
nêkèk: kn. 1 wis tuwa bangêt (ent. tumuwa); 2 êngg. wis matêng bangêt (tmr. wowohan).
nêkerah: kn. ak. ngrekani; kc. têkerah.
nêkêk: êngg. kn. nêkak.
nêkêl: êngg. ak. nyêkêl; kc. cêkêl.
nêkêm: kn. nggêgêm, nyêkêl pangawasa lsp; kc. têkêm.
nêkêni: kn. mènèhi têkên (ent. nulungi); kc. têkên.
nêklèk: pc. putung; kc. cêklèk.
nêkuk: kn. 1 ngukêl (mbêkuk) banjur dilêmpit; 2 awangun tikungan; kc. têkuk.
nêkung: kw. 1 sidhakêp ngêningake cipta (sêmadi, nênuwun); 2 mêlêng, mindêng; kc. sêkung.
nêksa: kn. ak. mêksa; kc. têksa.
nêksèni: kn. dadi sêksi mungguhing (prakara lsp); kc. sêksi, saksi.
nêksihakên: k. ngisihake.
nêksir: kn. ngira-ira rêgane lsp; kc. têksir.
nêla: kn. mblêgag (bêngkah) tmr. lêmah; kc. têla.
--- 342 ---
nêladha ~ nênga.
nêladha: kn. ak. nulad, nelad.
nêlag: êngg. kn. pinuju ora ana (tmr. wowohan); [x]-i(-ake) ak: nglowongi, nglowoki; kc. têlag.
nêlahi: kw. sumorot, sumunar; kc. têlah.
nêlani: kn. ak. nyêlani; kc. sêla.
nêlas: k. ngêntèk; [x]-i ak: ngrampungi (matèni); [x]-akên k: ngêntèkake; kc. êntèk.
nêlês: kn. ak. njarag supaya têlês; [x]-i: nyiram lsp. supaya têlês; kc. têlês.
nêlih: kn. ak. bakul pitik; kc. têlih.

nêlik: kn. ndingkik mungsuh lsp; kc. têlik.
nêluh:(-i) kn. ak. ngguna-gawe; kc. têluh.
nêlukake: kn. ngalahake mungsuh nganti têluk; kc. têluk.
nêlungake: kn. niyungake lsp. nganti tumêlung; kc. têlung.
nêloni: n. nigani k. ngganêpi dadi têlu; kc. têlu.
nêm: kn. 6; di-[x]-i: diganêpi dadi nêm; kc. kanêm.
nêm wang: kn. ak. 50 sèn.
nêmah: kn. ak. njarag nêmpuh kacilakan lsp; [x]-i: 1 nandhang; 2 ing wasanane; kc. têmah.
nêmaha: kn. njarag; kc. têmaha, maha.
nêmang: êngg. kn. 50 sèn.
nêmbadani: kn. ak. nyêmbadani; kc. sêmbada.
nêmbah: kn. ak. nyêmbah, ngajèni; kc. sêmbah.
nêmbahyangi: (-ake), nêmbayangi(-ake) ka. ak. nyêmbahyangi(-ake); kc. sêmbahyang.
nêmbako: n. nyata k. ak. nanduri têmbako.
nêmbalang: kw. ambyuk ing (marang).
nêmbang: I kn. 1 ak. nabuh (têngara lsp); 2 ngrêmbang (têbu lsp); kc. têmbang. II n. nyêkar k: maca têmbang (ent. ngarang têmbang); kc. têmbang.
nêmbaruk: pc. nêbaruk.
nêmbe: kn. lagi bae; kc. têmbe.
nêmbêlang, nêmbêlong: kn. ak. katon blêntong-blêntong; kc. têmbêlang.
nêmbêlèk: êngg. ak. nêlèk; kc. têmbêlèk.
nêmbing, nêmbir: kn. ak. minggir, nêpi; kc. têmbing.
nêmbung: I ki. nyêmêthi; kc. têmbung. II êngg. kn. nggêbug, nggitik; kc. têmbung. III kn: ngucap njaluk; [x]-ake: 1 ngucapake ing têmbung (têtêmbungan); 2 njalukake; kc. têmbung. IV êngg. kn: nggathukake, ngêtrap; kc. têmbung.
nêmbur: kn. ak. nyêmbur; kc. sêmbur.
nêmbrama, nêmbrami: kw. mbagèkake; kc. sambrana, sêmbrana.
nêmbranani: kn. ak. nyêmbranani; kc. sêmbrana.
nêmên, nêmênani, nêmênèni: êngg. pc. kalawan têmên-têmén, bangêt; kc. têmên.
nêmu: n. manggih k. 1 olèh apa-apa ora dijarag; 2 ngonangi; kc. têmu.
nêmu gawe: pc. olèh karibêtan.
nêmu kaluputan: ([x] luput) ak: kêluputan.
nêmu kelangan: pc. olèh apa-apa kang minangka gantine kang ilang.
nêmu kuwuk: pc. nyandhak nalikane kêpêngkok (kêtêmu).
nêmokake: n. manggihakên k. 1 nggathukake, njalari kêtêmu; 2 nggathukake pangantèn; kc. têmu.
nêmoni: n. manggihi k. 1 kêtêmu karo, kêpapag karo; 2 ngajak omong lsp. marang dhayoh; kc. têmu.
nêmpah: I kw: nêmpuh; kc. têmpuh. II [x]-i, [x]-ake k. nêmpuhi, nêmpuhake; kc. têmpuh.
nêmpak: êngg. k. numpuk; kc. tumpuk.

nêmpakake: kn. mapakake nganti têmpak; kc. têmpak.
nêmpati: êngg. kn. têka têtulung; kc. têmpat.
nêmpelang: kn. mungkus (gawe) têmpelang; kc. têmpelang.
nêmpeling: êngg. kn. nêmpiling; kc. têmpeling.
nêmperong: êngg. kn. napuk rai; kc. têmperong.
nêmpil: kn. 1 tuku sathithik; 2 mèlu nunut; kc. têmpil.
nêmpiling: kn. ngantêm ing pilingan (êndhas); kc. têmpiling.
nêmpyok: kn. nyêmpyok; kc. sêmpyok.
nêmplik: êngg. kn. nyuwil; kc. têmplik.
nêmpuh: I kn. nrajang, nyêrang; kc. têmpuh. II [x]-i m. nêmpahi k. ngijoli kapitunan; kc. têmpuh.
nêmpur: kn. tuku (kulak) bêras; kc. têmpur.
nêmtokake: kn. mêsthèkake; kc. têmtu.
nênangi: kn. nggugah (pêpenginan lsp); kc. tangi.
nênjata: (-ni) k. ak. mbêdhil(-i); kc. bêdhil, sênjata.
nêndhagi: kn. ak. nglowongi, nglowoki; kc. têndhag.
nêndhang: kn. ndugang sêru; kc. têndhang.
nênêd: êngg. pc. mênêt, ngênêtake; kc. tênêd.
nênêp: êngg. kn. ndhêlik.
nêni-nêni: êngg. pc. ngêmi-êmi, ngupakara kalawan bêcik; kc. têni.
nênun: kn. nganam bakal (lurik); kc. tênun.
nênung: kn. ngguna-gawe, namakake tênung; kc. tênung.
nêntrêmake: kn. nyarèhake, agawe têntrêm; kc. têntrêm.
nêncêm: kn. ngêkum ing barang cuwèr; kc. cêncêm.
nêng: I kw. tanpa obah (tanpa swara); di-[x]-ake n. dipunkèndêlakên k: 1 ora diobahake (digarap, diunèkake); 2 ora diaruh-aruhi, dijothak; kc. ênêng, mênêng. II mak [x] pc. katêranganing apa-apa kang didudut (ditarik).
nênga: kn. ak. 1 ndêlêng; 2 tumênga; kc. tênga.
--- 343 ---
nêngah ~ nêt.
nêngah: kn. mênyang ing têngah; kc. têngah.
nêngah-minggir: pc. mangga-mara, gojag-gajêg.
nêngarani: kn. ak. mènèhi têngara; kc. têngara.
nêngên: kn. mênyang ing têngên; kc. têngên.
nêngêri: kn. ndèkèki têtêngêr; kc. têngêr.
nêngga: k. nunggu.
nênggak, nênggèk: kn. ak. nglênggak mêmburi; kc. tênggak.
nênggak waspa: kw. mbrêbês mili (ngampêt luh).
nênggala: kw. bngs. tumbak gêgaman.
nênggalani: kn. ak. nyêgah; kc. tênggalang.
nênggani: k. nunggoni; kc. tunggu.
nênggar: êngg. kn. ngèrèk manuk ing kurungan; kc. tênggar.
nênggèk: kn. ak. ndêdêr (tmr. dalan lsp); kc. nênggak.
nênggêl: kn. 1 nibakake jêjêg; 2 ngarah (ngênani, nrajang lsp) ing têngah bênêr; 2 êngg. ndêdêr bangêt; kc. tênggêl.
nênggênah: kn. ak. matah, masrahi pagawean lsp; tênggênah.

nênggih: kw. yaiku.
nênggulangi: kn. nglawan, ngayomi; kc. tênggulang.
nêngguluk: êngg. kn. mikul.
nêngkar: kn. ak. njênggar, sumêbar; kc. têngkar.
nêngkêl: kn. ngêthoki têtêngkêlan; kc. têngkêl.
nêngkêr: I kn. nêngkêl. II [x]-i kn. ak: mligèkake kanggo sudhiyan; kc. sêngkêr.
nêngkêr ing awiyat: (-dirgantara) kw: mumbul ing awang-awang.
nêngsêmi: kn. 1 ak. sênêng marang; 2 (ut. nêngsêmake) njalari sêngsêming ati; kc. sêngsêm.
nêpa: (-nêpa), nêpakake kn. nggagas yèn ta ditumrakake marang awake dhewe; kc. têpa.
nêpak: kn. 1 êngg. namakake tangan dijêbèbèhake; 2 pc. mêkak, nyandhêt; kc. têpak.
nêpangi: k. nêpungi.
nêpdal: k. ak. nêptu.
nêpi: (ut. nênêpi) kn. mênyang ing panggonan kang sêpi (nglakoni tapa lsp); kc. sêpi.
nêpyu: kw. nêpsu bangêt.
nêpung: êngg. kn. ngêtrap (masang) salêraning nam-naman; kc. têpung.
nêpungi: n. nêpangi k. mêmitran (têpung) karo; kc. têpung.
nêpus: kn. ngukur (dawane, antarane lsp); kc. têpus.
nêpsir: pc. ngira-ira; kc. têpsir.
nêpsu: kn. 1 ak. dêrênging ati; 2 (duka ki) muring; kc. napsu, nêsu.
nêptu: kn. (nêpdal k. ak) ajining angka ing dina lsp. (ing petungan); kc. naptu.
nêr: pc. ênêr; di-[x]-ake pc. diênêrake.
nêrahake: kw. masrahake; kc. srah.
nêrak: kn. nrajang, nyêrang; kc. têrak.
nêraka: pc. naraka.
nêrang: I kn. 1 ([x] udan) ak. nulak udan; 2 njaluk katêrangan, mitêrang; [x]-i kw: madhangi; kc. têrang. II kw: nrajang, nêmpuh; kc. sêrang.
nêrapake: kw. ngêtrap, nata; kc. trap.
nêras: kn. 1 mlaku kang sapisanan; 2 nganyari; 3 isih jaka ut. prawan tulèn; kc. têras.
nêrat: kw. nulis; kc. sêrat.
nêrbang: kn. nabuh têrbang.
nêrbuka: pc. 1 ([x] ati) njalari mangêrti; 2 (ut. nêrbukani) njarwani, nêrangake; kc. têrbuka.
nêrjang: kn. ak. nrajang, nêmpuh; kc. têrjang.
nêrjoni, nêrdoni: kn. ak. ngrujuki, nayogyani; kc. sêrju.
nêrêg: kn. ak. nêsêg, mêksa; kc. sêrêg.
nêrêh: kw. mili; kc. têrêh.
nêrêng: kn. ak. nindakake kalawan sêrêng; kc. sêrêng.
nêrês: (-i) kn. nggêthaki wit kang arêp ditêgor; kc. têrês.

nêrka: kn. ndakwa; kc. têrka.
nêrus: êngg. kn. mbanjur bae, têrusan, mbacut; [x]-i: nggambar mbanjurake ngèngrèngan, mbathik kang suwalike; [x]-ake: mbanjurake; kc. têrus.
nêrod: kn. ak. ngoyak; kc. sêrod.
nêrpa, nêrpati: kw. ratu.
nêrpas: kn. migunakake têrpas.
nêrsandhani: êngg. kn. mracihnani, mêrtandhani; kc. têrsandha.
nêrtamtokake: kn. ak. mêsthèkake; kc. têrtamtu.
nêrtibi: kn. ak. nyimpên kalawan têrtip; kc. têrtib.
nêrcêb: kn. ak. rumêsêp ing; kc. têrcêb.
nêrcêl: pc. akèh bangêt (anake lsp); kc. cêrcêl.
nêrwacakake: n. nêrwaosakên, nêrwelakakên k. nêrangake, nyêthakake; kc. têrwaca.
nês: kn. ak. sêdhih bangêt; kc. ngênês.
nêsah: êngg. k. nusuh.
nêsa-nêsa: k. nusu-nusu.
nêsdikake: kn. ak. nyatakake; kc. têsdik.
nêsèni: pc. nêksèni.
nêsêg:(-ake) kn. 1 ak. ngangsêg, ngenggalake; 2 ngrikatake wilêde (tmr. panabuhing gamêlan); kc. sêsêg.
nêsêli, nêsêlake: kn. nglêbokake ing sêla-sêla; kc. sêsêl.
nêsêp: I kn. nyêrot; 2 nusu; kc. sêsêp. II [x]-ake kn. ak. nlusupake ing; kc. sêsêp. II (ut. [x]-i) kn: 1 ak. nglembatake (giliran); 2 pc. nêsêg; kc. sêsêr.
nêsihaken: k. pc. ngisihake.
nêsir: pc. ngira-ira; kc. têsir.
nêsu: kn. duka ki. muring; dinêsoni n. didukani ki: diuring-uring, disrêngêni.
nêstiti: kn. ak. sêtiti, nastiti.
nêstha: kn. ak. wangun kaya; [x] wolu lsp; maju wolu lsp.
nêsthil, nêsthip: êngg. ak. rèmèh, nistha.
nêt: di-[x]-[x], di-[x]-ake kn. diênêt-ênêt, diênêtake; kc. ênêt.
--- 344 ---
II [x]-ing ati êngg. kn: niyat.
nêtah ~ nimbang.
nêtah: k. nutuh; kc. tutuh.
nêtaki: kn. nyupiti ki. ngislamake; kc. têtak.
nêtêg: (-i) I kn. ngancing lawang lsp. nganggo palang lsp; kc. têtêg. II kn: 1 êngg. ak: nuthuki; 2 br. ngunèkake têtêg; kc. têtêg.
nêtêk: êngg. kn. ngêthok, mancas; kc. têtêk.
nêtêl: kn. ngênêtake; kc. têtêl.
nêtêp: kn. manjing (mlêbu) kêncêng; [x]-i: nuhoni; kc. têtêp.
nêtêr: I êngg. kn. nggaru; kc. têtêr. II kn: ngujêg, tanpa lèrèn; kc. têtêr.

nêtês: kn. 1 pêcah lan mêtu kewane (tmr. êndhog); 2 ent. kêlakon têmênan (tmr. kasaguhan lsp); [x]-ake: 1 ki. nyunatake; 2 ngêngrêmake êndhog supaya bisa nêtês; kc. têtês.
nêca: kn. pasêmoning polatan (praèn).
nêcaki: kn. ak. nêcêki.
nêcêki: kn. 1 nggambari (mbathik lsp) cêcêk; 2 nyublêsi; kc. cêcêk.
nêcêlake: êngg. nêsêlake; kc. cêcêl.
nêcêp: kn. nêsêp, nucup; kc. cêcêp.
nêcêr: êngg. kn. nêtêr; kc. têtêr.
nêwêkali: pc. kanthi têwêkal; kc. têwêkal.
ni: I kn. ak. panyêbut marang wong tuwa; kc. nini. II di-[x] êngg. ak: diênèni; kc. êni. III kw: ing.
(niaya): di-[x] kn. 1 dipilara; 2 disiya-siya; kc. aniaya.
niba: n. ndhawah k. njarag tiba; nibani: tiba ing; kc. tiba.
niba-tangi: kn. ngolang-ngaling (marga susah bangêt lsp).
nidikara: kw. ndongani; kc. sidikara.
nidra: I (S) kw. turu. II kw: nyidra; kc. cidra.
niji: n. nyatunggal k. siji-sijine siji; kc. siji.
nidhana: (S) kw. ak. simpênan, bandha.
nidhokake: êngg. nuduhake, mintokake; kc. tidhok.
nigan: k. 1 ngêndhog; 2 êngg. ak. nginang; kc. tigan.
nigani: k. nêloni.
nigas: kn. ngêthok, nugêl; kc. tigas.
nihan: kw. mêngkono, mêngkene.
niya: I pc. mrenea! II [x]-[x] kn. ak: nyiya-nyiya; kc. siya.
niyaga: kn. tukang nabuh gamêlan.
niyah: êngg. kn. niyat.
(niyaya): di-[x] kn. dianiaya, dikaniaya.
niyayi: kn. nyai.
niyaka: kn. ak. nayaka.
niyangi: I kn. ak. masang tiyang (ing prau); kc. tiyang. II k. ak: nguwongi.
niyangake: kw. ngincêng (ngênêrake) panah ing.
niyasat: kn. ak. milara; kc. siyasat.
niyat: (A) kn. 1 tujuning sêmbahyang (nglakoni kabêcikan lsp. ing agama Islam); 2 pc. karêp, maksud; 3 pc. sêdya; 4 êngg. (ut. [x]-e) prasasat; di-[s]-i pc: dikarêpake, dijarag, disêdya.
niyata: kw. ak. nyata, têmênan.
niyèng: êngg. pc. mêtu taiyènge; kc. tiyèng.
niyungake: êngg. nêlungake; kc. tiyung.
niyup: kw. 1 ndamu, nyêbul; 2 nylorod mêdhun; 3 nyuwuk (bocah lsp); kc. tiyup.
niyuta: (S) kw. sayuta.
nik: (-an) êngg. kn. mung.
nika: (nikaên êngg) k. pc. kae; kc. ika.
nikah: kn. ak. ningkah.
nikanang, nikang: kw. têmbung panyilah; kc. kang, kanang.

nikara: kw. nyikara; kc. sikara.
nikèn: kw. 1 panyêbut marang wong wadon, 2 wong wadon.
nikêl: kn. 1 ak. mutung, nugêl; 2 nangkarake (ngêpingake) loro; kc. tikêl.
nikêl alis: br. njêngkêrutake alis.
nikêl asta: [x] wêrti kw. nêkuk tangan (nyêmbah).
nikêp: êngg. kn. nyêkêl, ndêkêp, nyikêp; kc. sikêp, tikêp.
niki: (nikiên êngg) pc. k. iki.
nikmat: (A) kn. kêpenak (ing ati, pangrasa).
(niknik): di-[x] pc. digarap lsp. kalawan titi (saka sathithik).
niku: (nikun êngg) pc. k. iku.
niksa: kn. ngukum, milara; kc. siksa.
nil: mak [x] pc. kêdumuk (kêsenggol) sathithik.
nila:. 1 kw biru; 2 kw. intên biru; 2 kn. godhong tom kang wis dimangsak (dianggo mêdêl lsp).
nilad: kn. ak. nelad.
nilak: kn. ak. nilas.
nilakrama: kw. takon (ngaruh-aruhi) kanthi urmat; kc. sila.
nilanggu: (S) kw. ak. cacing.
nilapake: kn. nglimpèkake; kc. tilap.
nilap-nilap: kn. ak. tansah nglungani; kc. tilap.
nilapracandha: kw. prahara, angin bantêr.
nilar: k. ninggal.
nilas: kn. ak. 1 (ut. nilak) napak tilas; 2 nglacak; kc. tilas.
nilawarsa: kw. udan angin.
nila-wêrdi: kn. nila batan kang bêcik dhewe.
nilêm: I kn. ak. nyilêm; kc. silêm. II ([x]-ake) kw: mblêbêgake; kc. tilêm. III [x]-i k. nuroni; kc. turu.
nilêp: êngg. kn. njêrokake panggarape (sawah); kc. tilêp, silêp.
nilib: kw. ora barès; kc. silib.
niliki: n. nuwèni k. 1 têka (mara) ngungak; 2 êngg. nyoba; kc. tilik.
nilingake: kn. ngrungokake têmênan; kc. tiling.
nilnilan: pc. nèlnèlan.
nimah-nimahake: kn. ak. marèkake tatu lsp; kc. timah-timah.
nimangake: kn. ngêtrap timang.
nimba: kn. njupuk banyu sarana timba; kc. timba.
nimbak: êngg. kn. niru; kc. nembak.
nimbalake: kn. ak. nglembatake, nundhakake; kc. timbal.
nimbali: ki. ngundang; kc. timbal.
nimbang: kn. 1 nyumurupi bobote
--- 345 ---
sarana timbangan; 2 nandhing; 3 (ut. [x]-[x]) nglimbang-nglimbang, nggagas; kc. timbang.
nimbis ~ nirantara.
nimbis: pc. nimblis kn. ngêjlogi saka ing dhuwur; kc. timblis.
nimbul: kn. 1 ak. ndongani lsp. supaya atos (digdaya); 2 êngg. eling manèh (tmr. wong kêranjingan); kc. timbul.

nimbrah: kn. mêtu timbrahe; kc. timbrah.
nimbrung: pc. mèlu nrambul; kc. timbrung.
nimita: (S) kw. 1 jalaran, sêbab; 2 têtêngêr, tandha.
nimna: (S) kw. ak. jêro.
nimnaga: (S) kw. ak. kali.
nimpah: kn. ak. tumumpang nutupi; [x]-i: numpangake sikil ing; kc. timpah.
nimpal: kn. 1 ngiris nganti timpal; 2 ngêsud sêsukêr nganggo godhong lsp. banjur dibuwang; 3 êngg. nundhung; kc. timpal.
nimpang: (-i) kn. ak. nyimpang(-i); kc. simpang.
nimpar: kn. ak. nyimpar; kc. simpar.
nimpuna: kw. pintêr, wasis.
ninang: tan(ora-) [x] kw. ora beda (padha, trêp).
ninda: kw. ak. 1 panyampah, pisrêngên; 2 (ut. a-[x]) nyampahi, nyrêngêni.
nindaki: 1 kn. ak. ngukur sarana jangkah; 2 ki. marani; 3 ki. ak. nglakoni (pagawean); nindakake: ngêcakake, nandangi, nggarap; kc. tindak.
nindita: kw. tanpa cacad, linuwih, pinunjul.
nindya: kw. linuwih, pinunjul.
ninja: k. 1 êngg. ngising; 2 nai; kc. nai, tai.
ninjang: êngg. misah, milah, ndhèwèkake; kc. sinjang.
ninjoni: êngg. ak. niliki; kc. tinjo.
nindhês: kw. mênêtake, ngênêtake; kc. tindhês.
nindhihi: kn. numpangi mênêt; kc. tindhih.
nindhik: kn. mbolong godhoh kuping; kc. tindhik.
ninèk: pc. nini.
nini: kn. 1 êmbah wadon; 2 br. panyêbut marang anak (bocah) wadon; [x]-among: roh kang momong manungsa; [x]-[x]: wong wadon kang wis tuwa; [x]-[x] paès pr: nganyarake barang kang wis lawas.
nini-êntèh: kn. ar. kewan ibêr-ibêran.
ninis: kn. ak. ngisis.
ninting: (-i) kn. milihi bêras lsp. kang kurang bêcik sarana diêntrog-êntrog ing tampah lsp; kc. tinting, tingting.
nincingake: kn. nyilakake jarit lsp; kc. cincing.
ninthing: I kn. nggathukake (nuthuk) dhuwit lsp. supaya muni thing; kc. thingthing. II pc: ciyut singsêt (tmr. klambi lsp).
ning: I pc. 1 ana ing; 2 mênyang. II êngg. pc: nanging. III êngg.kn. yèn, mênawa. IV pc. 1 kuning; 2 êngg. panyêbut marang bocah wadon. V êngg: sing, kang. VI kw. wêning, padhang (bêning); kc. êning. VII pc: tanpa wuwuhan (tmr. bêras kang ditakêr lsp). VIII kw. ak: panambang nelakakake pandarbe (-e, -ne).
ninga: kn. ak. wêruh; kc. uninga.
ningali: k. 1 ndêlêng; 2 nonton; kc. tingal.
ningan: pc. nanging.
ningane: êngg. pc. mêningane.
ningar: êngg. ak. nyolong raja-kaya; kc. tingar.

ningas: kw. magas, mègès; kc. tingas.
ninggal: n. nilar k. 1 ngèrèkake apa-apa ana ing; 2 ora mèmpêr karo; 3 ora migunakake (tata krama lsp); kc. tinggal.
ninggil: kn. 1 ngumbulake; 2 nibakake lsp. saka ing dhuwur dikênakake ing têngah bênêr; kc. tinggil.
ningid: (-ake) kn. ak. ndhêlikake, ngumpêtake; kc. singid.
ningkah: I kw. nata, ngêtrap; kc. tingkah. II kn: 1 têtêp absahing laki rabi kang sinêksèn ing pangulu (ut. pangarêping agama); 2 (ut. [x]-an) pc. ijab; di-[x]: diêpèk bojo sarana disêksèkake ing pangulu lsp; kc. nikah.
ningkêbi: kn. nylamêti lsp. nalikane mêtêng 7 sasi; kc. tingkêp.
ningkêm: kn. 1 nutup layang (amplop); 2 nutup (ngrapêti) wadi lsp; kc. tingkêm.
ningkês: êngg. kn. ngringkês; kc. tingkês.
ninglingake: êngg. kn. nilingake.
ningnang: êngg. kn. kc. ninang.
ningningên: pc. ora kênthêl (tmr. puhan, santên lsp).
ningrat: pc. (para [x]) para luhur.
ningsalake: kn. ak. mbuwang (mbuncang) adoh; kc. singsal, kêsingsal.
ningsêti: (-ake) kn. nalèni kêncêng; kc. singsêt.
ningsoti: kn. awèh sasmita sarana singsot; kc. singsot.
nipah: kn. ar. wit bngs. palêm ing rawa (godhonge digawe payon, rokok lsp).
nipar: êngg. kn. 1 ngrêsiki; 2 ngrata; kc. tipar.
nipas: kn. (adus [x]) rêrêsik adus sabakdane duwe anak (lêt 40 dina); gêtih [x] ak: gêtih kang mêtu sabakdane nglairake jabang bayi.
nipis: pc. suda-suda dadi tipis; kc. tipis.
nipkah: (A) kn. guna-kaya (pamêtu kang kawènèhake marang kang wadon).
nipuna: kw. wasis, pintêr.
nipral: êngg. kn. ngrata; kc. tipral.
nir: i kw. 1 ilang; 2 tanpa. II pc. dhuwit totohan. III êngg. pc: mênir (panyêbut).
nira: I (-nireka, -nirèki, -nirèku) kw: -e, -ne. II (S) kw. ak. banyu.
nirada: (S) kw. ak. mêndhung.
niradara: (S) kw. ak. tanpa tata-krama, dêksura.
nirahi: I k. nurahi; kc. turah. II kn. ak: dianggo tirah, tirah ing; kc. tirah.
niraya: (-pada) (S) kw. ak. 1 alam kamuksan; 2 naraka.
nirakati: kn. ngêlèki wong lara lsp; kc. tirakat.
nirantara: kw. ora lêt suwe banjur.
--- 346 ---
nirasa ~ nlasak.
nirasa: kw. tanpa rasa.
nirat: êngg. kn. èmpèr; kc. paningrat.
nirbaya, nirbita: (S) kw. ora ana sing diwêdèni (kêndêl, nekad).
nirbawa: kw. krungu (pawarta lsp).

nirdaya: kw. tanpa daya (lungkrah, lêmês).
nirdon: kw. ora ana katêmahane (cabar, wurung, tanpa tanja).
nirmala: (S) kw. tanpa cacad, suci.
nirna: kw. ngilangake; [x] dhustha kw: mitulungi durjana; [x] patra kw: ngowahi layang prajangjian lsp; kc. sirna.
nirniran: kn. ak. dhêgdhêgan (kuwatir, sumêlang bangêt).
niru: kn. nulad; kc. tiru.
nirok: êngg. pc. niru.
nirwa: I kw. nirua (akon niru); kc. tiru. II (S) kw. ak: tanpa guna, rèmèh.
nirwana: kw. jaman kailangan (wis sêpi ing rasa rumangsa).
nirwèsthi: kw. ora wêdi ing bêbaya.
nirwikara: kw. tanpa owah gingsir (têtêg, nekad, kêndêl bangêt).
nis: kw. lunga, ilang.
nisab: (A) kn. saperanganing pamêtu (raja-darbe) kang wajib dianggo jakat (tmr. agama Islam).
nisahi: êngg. k. nusahi.
nisakake: I êngg. pc. mbabar-pisanake; kc. sisan. II kn: nurahake; kc. sisa.
nisakara: (S) kw. rêmbulan.
nisani: kn. nurahi, ninggal sisa; kc. sisa.
nisbat: kn. ak. isbat; [x]-e êngg. ak: mungguh ing, mênawa; kc. isbat.
nisèni: kn. 1 ngrêsiki umbêl ing irung (ing bocah lsp); 2 sisi ngênani; kc. sisi.
nisèti: êngg. kn. nèsèti; kc. sisèt.
nisigi: kn. ngirêng untu; kc. sisig.
nisih: kn. mênyang ing sisih (pinggir), nyimpang; [x]-i: 1 nyimpangi; 2 nimbangi, nandhingi, njodhoni; kc. sisih.
nisik: I kn. ndondomi jarit lsp. kang bolong; kc. tisik. II [x]-i kn: ngêlus pring lsp. sarana dikêsrik ing lading lsp; kc. sisik.
nisil: (-i) kn. nucuk karo ngoncèki; kc. sisil.
nisip: kn. ak. kliru, mèncèng; kc. sisip.
nisir: kn. 1 ngirisi gula lsp. tipis-tipis; 2 êngg. mluku; kc. sisir.
nisita: (S) kw. ak. 1 landhêp; 2 linuwih, pintêr.
niskala: kw. 1 tanpa sambe-kala, slamêt; 2 rêsik, suci; ing [x] kw: ing jaman kalanggêngan; pindha [x] kw: kaya roh, ora kasatmata (rohani).
niskara: sa-[x] kw: samubarang kabèh.
niskarana: kw. tanpa sabab.
nisnani: pc. nrêsnani; kc. tisna.
nispu: (A) kn. ak. têngah-têngahan (ing sasi Ruwah).
nistanya: kw. ak. sênadyan.
niscaya: (S) kw. ak. mêsthi.
niscala: (S) kw. ak. ora obah, kukuh bangêt.
nistha: kn. asor (tmr. bêbudèn), rèmèh.
nisthip: kn. ak. rèmèh, tanpa aji; kc. nistha.
nisthura: (S) kw. ak. ambêk siya, bêngis.
niswasa: (S) kw. ak. napas, ambêkan.

nit: (-senggotan lsp) kn. ar. mainan (lotrèn).
nitahake: kn. 1 br. nakdirake; 2 nganakake tanpa bêbakal; kc. titah.
nitakake: kn. ak. nguntarakake waktune; kc. tita.
nitèni: kn. 1 nggatèkake; 2 nêngêri; 3 ndokoki titi-mangsa; kc. titi, titi-mangsa.
niti: I (ut. nitipriksa) kn. mriksa; kc. titi. II (S) kw: iguh (ing pangrèh), pranatan.
nitih: I êngg. kn. ngluwihi; kc. titih. II (ut. [x]-i) ki: nunggang(-i); kc. titih.
nitik: I kn. 1 nglari (barang ilang lsp); 2 nyumurupi têngêrane; kc. titik. II kn: ar. bathikan.
nitiman: (S) kw. ak. wicaksana, pintêr.
nitimangsani: kn. nyirèni titimangsa; kc. titimangsa.
nitipi: (-ake) kn. titip apa-apa marang; kc. titip.
nitir: I kw. tansah, nggêjêg; kc. titir. II kn. ngunèkake titir (têngara); kc. titir.
nitis: I (ut. [x]-i) kn. nyithak gula krambil lsp; kc. titis. II kn: manjalma (rumasuk) ing; kc. titis. III [x]-ake pc: maspadakake, namatake, mriksa; kc. titis, patitis.
nitnitan: kn. mainan (lotrèn).
nitra: kw. nulis; kc. citra.
nitya: I kw. pasêmoning praèn; kc. nêca. II pc: panitya. III (S) kw. ak: kêrêp, sabên-sabên.
nityasa: (S) kw. tansah, tanpa kêndhat.
nicil: kn. nindakakake (nyaur lsp) saka sathithik; kc. cicil.
nicipi: êngg. ak. ngicipi; kc. cicip.
nicril: êngg. kn. mriksa saka siji; kc. cicrik.
nithik: pc. nuthuk lirih; kc. thithik.
nithil:(-i) kn. nèsèti lsp. saka sathithik; kc. thithil.
niwah: kw. nyimpang; kc. siwah.
niwanda: kw. ak. sabab, jalaran.
niwasi: kn. njalari tiwas; kc. tiwas.
nlabung: kn. ngabruk. nladhung; kc. tladhung.
nlajaki: êngg. kn. mathoki, ngêtrapi tlajak; kc. tlajak.
nladhung: kn. ngabruk (tmr. pitik lsp); kc. tladhung.
nlakup: kn. nutup, mbuntêl; kc. tlakup.
nlanjêrake: kn. nyêbabake (nganggêp kang dadi sêbabe); kc. tlanjêr.
nlanyak-nlanyak: kn. mlêbu ing omah lsp. tanpa tata-krama; kc. tlanyak.
nlangke: kn. ak. tlompe; kc. tlangke.
nlangkupake: pc. nutup, nangkêbake; kc. tlangkup.
nlangsa: kn. 1 nggêtuni lêlakone kang wis-wis; 2 ngrumangsani apêsing lêlakon.
nlasab:(-ake) kn. ak. nlêsêbake ing; kc. slasab.
nlasah: I pc. ndokoki slasah; kc. slasah, srasah. II kn. ak. nglari, mriksa; kc. slasah, tlasah.
nlasak: kn. nasak; kc. slasak, tlasak.

nlasar ~ nukêrta.
nlasar: I kn. ak. mblasar, mblasuk; kc. sasar. II [x]-i êngg. ak. nglèmèki, nglambari; kc. tlasar.
nlasih: kn. ak. kaya kêmbang tlasih.
nlatèni: n. nlatosi k. nindakake kalawan tlatèn; kc. tlatèn.
nlacap: kw. murang tata.
nlacar: kn. katon mêncungul dawa; kc. clacar.
nlawungake: kn. ak. ndokokake ing tlawungan; kc. tlawung.
nlèdhèk: kn. dadi (mbarang) tlèdhèk; kc. tlèdhèk.
nledhoni: kn. ak. tledho ênggone nandhingi lsp; kc. tledho.
nlecani: pc. mlèncèng, nyimpang, kliru; kc. tlèncèng.
nlepaki: kn. ak. nggupaki; kc. tlepak.
nlèsèr: kn. 1 nlasar; 2 njlèmpèr.
nlètèhake: kn. ak. ngandharake, njlèntrèhake; kc. tlètèh.
nlètèk: kn. mili mêtu; kc. tlètèk.
nlècèk: pc. ana ing êndi-êndi (pating tlècèk); kc. tlècèk.
nlethong: kn. ngêtokake tlethong; kc. tlethong.
nlêkim: kn. ndongani nganggo donga tlêkim; kc. tlêkim.
nlênjêr: pc. mung ijèn, ngadêg njêjêr.
nlêningi, nlênongi: kn. mantha pêpunthukan; kc. tlêning.
nlênyêk-nlênyêk: kn. ak. mlaku alon-alon; kc. tlênyêk.
nlêngsêng: pc. lunga mrana-mrana nggêgolèki; kc. tlêngsêng.
nlêpong: pc. nlethong; kc. tlêpong.
nlêsêp: pc. nlusup ing; kc. tlêsêp.
nlêsihake: kn. nggênahake; kc. tlêsih.
nlêtah: êngg. k. nlutuh; kc. tlêtah, tlutuh.
nlêluh: pc. manuh ala; kc. tlêtuh.
nlêcêr: kn. ngadêg njêjêr; kc. tlêcêr.
nlika: kw. nêlik, mriksa; kc. tlika.
nlikung: kn. nalèni ing sikil; kc. tlikung.
nlikuri: êngg. kn. nggape, nggatèkake, mêrduli; kc. slikur, tlikur.
nliktik: êngg. kn. namatake, maspadakake; kc. tliktik.
nlimpang: kn. ak. nyimpang.
nlisib, nlisip: kn. kliru; kc. slisib.
nlisik: I êngg. pc. niti-priksa; kc. tlisik. II pc. nisik; kc. tisik, tlisik.
nlisir: kn. ak. nyimpang saka ênêre (kang bênêr); kc. slisir.
nliti: kn. nitipriksa têmênan; kc. tliti.
nlitik: kn. ak. nitik; kc. titik.
nlungsumi: êngg. kn. nyulami ut. mbênakake (payon lsp); kc. slungsum.
nlungtik: êngg. kn. namatake, ngawasake; kc. tlungtik.
nlusubi: kn. nyoblos ing; kc. slusub.
nlusuh: (-i) kn. ak. nutu pari; kc. tlusuh.
nlusup: kn. nlêsêp, mlêbu ing (gêgrumbulan lsp); kc. slusup.
nlusur: kn. nggrayangi ngurut, nggolèki; kc. tlusur.

nlutuh: I kn. mêtu tlutuhe; kc. tlutuh. II pc: manuh, nlêtuh; kc. tlutuh, tlêtuh.
nluthuk: êngg. kn. ndhrêdhêg, ndhrodhog; kc. tluthuk.
nlobèhi: kn. ak. ngombèri, nglunggèni; kc. tlobèh.
nlole, nlolèr: kn. katon dawa; kc. tlole.
nlolor: kn. nlosor, mulur dawa (tmr. ula lsp); kc. tlolor.
nlompe, nlompèni: kn. ak. rêmbên; kc. tlompe.
nlonjorake: kn. nggêjojorake sikil (nalikane linggih); kc. slonjor.
nloncong: êngg. pc. mlaku lsp. nggugu karêpe dhewe; kc. tloncong.
nlorong: kn. nylorot ngênêr; kc. tlorong.
nlosor: kn. mlaku dhadhane nggangsur (ula lsp); kc. tlosor.
nlotok: kn. 1 êngg. tiba mlorod; 2 ks. bêbanyu; 3 ks. manak; kc. tlotok.
nlocor: êngg. pc. kurang ajar; kc. tlocor.
nu: kw. dalan.
nuba: kn. golèk iwak nganggo tuba; kc. tuba.
nubyah-nubyah: êngg. kn. nyuba-nyuba; kc. suba.
nubras: pc. numbuk; kc. tubras.
nubruk: kn. nyêkêl sarana mêncolot; kc. tubruk.
nuding: kn. ak. akon nindakake; [x]-i: ngênêrake driji ing, nuduhi; kc. tuding.
nuduh: kn. ak. akon nindakake; [x]-i n. nêdahi k. awèh wêruh; kc. tuduh.
nudur: kn. ak. alangan.
nujanani: kn. ak. sujana marang; kc. sujana.
nujèni: kn. nyunduki nganggo sujèn; kc. suji, sujèn.
nuju: kn. 1 ngênêr ing; 2 (ut. nujoni) mbênêri, pinuju; kc. tuju.
nuju ari: kw. ing dina.
nujum: (A) kn. 1 ak. lintang-lintang; 2 (juru [x]) juru pêthèk sarana nitik lakuning lintang-lintang.
nujus: (A) kn. ora manut marang kang lanang; di-[x]-ake: dianggêp luput dening ora nggugu kang lanang.
nugar: kn. 1 ndhangir; 2 nandur pari ing pagagan; kc. tugar.
nugêl: kn. ngêthok ing têngah; kc. tugêl.
nuguri: kn. tugur ing; kc. tugur.
nugraha: kw. ganjaran, pêparing; kc. kanugrahan.
nuhu, nuhoni: kn. ak. sêtya marang; kc. tuhu.
nuhun: . 1 êngg. nyuwun; 2 ki. nuwun; kc. nuwun, suhun.
nukani: k. ak. mènèhi; kc. nyukani, suka.
nukang: kn. nindakake pakaryan tukang; kc. tukang.
nukari: I êngg. kn. ngajak padu (kêrêngan); kc. tukar. II êngg. pc. ngijoli; kc. tukar.
nukêl: kn. ndadèkake tukêlan (tmr. lawe lsp); kc. tukêl.
nukêri: kn. ak. ngrêgêdi, njênêsi; kc. sukêr.
nukêrta, nukêrtani: kw. maoni, nyruwe, ngrigoni.
--- 348 ---
nukil ~ nunggal.

nukil: I kn. ak. nyukil; kc. cukil. II (ut. [x]-an) kn. ak. ringkêsaning surasa; di-[x](-i) ak: dijupuk surasane, diringkês.
nuklun: pc. 1 mlaku tumungkul (ndhungkluk); 2 ora royal.
nukma, nuksma: kw. rumasuk ing, manjing ing; kc. sukma.
nuknukan: pc. cênunukan.
nuku: n. numbas k. ngêpèk barang lsp. kanthi nglironi dhuwit; kc. tuku.
nukulake: kn. 1 njalari thukul; 2 njalari, marakake; kc. thukul.
nukung: kw. mburu; kc. tukung.
nukup: kn. ndêkêp, nangkêp; kc. tukup.
nukoni: n. numbasi k. 1 tuku ing; 2 mènèhi tukon; kc. tuku, tukon.
nul: I mak [x] pc. saèm. mak nil. II (W) kn: das.
nulad: kn. niru, nelad; kc. tulad.
nuladhani: kn. nyontoni; kc. tuladha.
nulahi: êngg. kn. ndayani, tumama ing; kc. tulah.
nulayani: kn. ak. nyulayani; kc. sulaya.
nulak: kn. mbalèkake, nampik; kc. tulak.
nular: kn. mrèmbèt marang, tumular; kc. tular.
nuli: n. nuntên k. enggal, banjur.
nulis: n. nyêrat k. nggambar aksara; kc. tulis.
nulya: kw. nuli.
nuluhi: kw. madhangi; kc. suluh.
nulung: kn. 1 ngênêng-ênêngi bocah nangis lsp; 2 (ut. nulungi) mènèhi pitulungan marang; kc. tulung.
nulup: kn. migunakake tulup; kc. tulup.
nulusake: kn. ak. nglêstarèkake; kc. tulus.
numani: kn. njalari tuman; kc. tuman.
numbak: n. maos k. namakake tumbak; kc. tumbak.
numbak tambuh: kn. ak. api-api ora wêruh, mitambuhi.
numbali: kn. ak. ndèkèki tumbal; kc. tumbal.
numbas: k. nuku.
numbêng: kn. ngêtrêpi tumbêng (ing bolonganing wrangka lsp); kc. tumbêng.
numblêg: êngg. kn. nyudhang, nggudag; kc. tumblêg.
numbuk: I kn. mbêntus ing; kc. tumbuk. II êngg. kn. nutu; kc. tumbuk.
numbras: kn. ak. sumrambah, lumrah, umum.
numbruk: êngg. kn. nubras, numbuk; kc. tumbruk.
numusi: kn. 1 ngêtokake daya lsp. kang tumular marang; 2 kêlakon têmênan (tmr. pangajap lsp); kc. tumus.
numoni: n. ningali k. êngg. ak. wêruh; kc. tumon.
numpa-numpa: kn. ak. numpuk-numpuk; kc. tumpa.
numpak: (-i) k. nunggang(-i); kc. tumpak.
numpal kèli: pr. lêlungan nunut-nunut (tanpa jujug); kc. tumpal.
numpang: êngg. kn. 1 tumumpang ing, nindhihi; 2 mênang; 3 mondhok ing; kc. tumpang.
numpang karang: ([x] karas) êngg. kn. wong ngindhung ing pomahaning liyan.

numpang nusup: êngg. kn. wong kang manggon ing omahing liyan.
numpang rêmbug: kn. ak. mênang padune.
numpêk, nuplêk: êngg. kn. numplak.
numpêng: kn. 1 gawe tumpêng; 2 awangun kaya tumpêng; kc. tumpêng.
numpêr-numpêr: kw. nêmpuh wani.
numpês: kn. nyirnakake (matèni) kabèh; kc. tumpês.
numplak: kn. 1 wutah wadhahe mbalik; 2 êngg. ngêsokake kabèh; kc. tumplak.
numpu: kn. ak. mbêburu; kc. tumpu.
numpuk: kn. nyèlèhake undhung-undhung (tumpang tindhih); kc. tumpuk.
numpur: kw. numpês, ngrusak.
numrapake: kn. ngêcakake ing, ngênakake ing; kc. tumrap.
nun: pc. kula nuwun, nuwun.
nunakake: n. nunèkakên k. ak. ngêdol tuna; kc. tuna.
nunasi: êngg. kn. nêgori (ndhongkèli) tunggak lsp; kc. tunas.
nundaka: kn. nrajang, numbuk; kc. tunjang.
nunjêl: kn. ak. ndhêsêl, ndhosok saka buri; kc. tunjêl.
nunjêm: kn. tumancêb jêro; kc. tunjêm.
nunjung: kw. kaya kêmbang tunjung.
nundha: I kn. 1 nungsun, nglapis-nglapis; 2 nututake; kc. tundha. II nundhakake kn:1 nyêdiyakake (nyêpakake) jaran, kuli lsp; 2 nampani nuli dilantarake (dilembatake); kc. tundha.
nundhung: kn. akon lunga; kc. tundhung.
nunu: êngg. kn. ngobong, mbakar; kc. tunu.
nunut: kn. mèlu mbarêngi nunggang (nganggo, tuku lsp); di-[x]-i: diiloni (dibarêngi) ênggone nênunggang (lêlungan lsp).
nuntak, nuntêk:. 1 kn. ak. wutah marga wadhahe mbalik; 2 k. mutah; kc. tuntak.
nuntasake: kn. ngêpuh nganti tuntas; kc. tuntas.
nuntên: k. nuli.
nuntumake: kn. mulihake tatu lsp; kc. tuntum.
nuntun: kn. ngirid (ngajak mlaku) sarana dicêkêli tangane (tmr. kewan dicancang ing tampar ing gulune); kc. tuntun.
nuntung: kw. mucuk têkan ing pungkasan; kc. tuntung.
nunggak: kn. nandhêg pambayaraning cicilan lsp; kc. tunggak.
nunggal: n. nunggil k. 1 dadi siji; 2 (ut. [x]-i) barêng (padha) nindakake; 3 mèh padha; [x] gawe n. nunggil damêl k: pagaweane padha; [x] misah: mèh padha (têgêse lsp); [x] rasa, [x] turu br: sanggama; kc. tunggal.
--- 349 ---
nunggang(-i) ~ nutut.
nunggang: (-i) n. numpak(-i) k. nitih(-i) ki: linggih (tumumpang) ing apa-apa kang mlaku; kc. tunggang.
nunggangtaya, nunggêngtaya: êngg. ak. nyêpèlèkake, ngêsorake; kc. tunggangtaya.

nunggu: n. nêngga k: ngrêksa, njaga; kc. tunggu.
nungguki: kn. ak. tungguk ing, nyulihi tungguk; kc. tungguk.
nungguli: kw. dadi têtunggul, kang monjo dhewe; kc. tunggul.
nunggoni: n. nênggani k. ngrêksa, njaga; kc. tunggu.
nungka: kn. ak. nututi (nêkani) dadakan; kc. tungka.
nungkak krama: pc. ngungkak krama.
nungkêb: kn: 1 êngg. ak. nutupi nganggo tenggok lsp. dikurêbake; 2 nukup, nyêkêl sarana dikêpung; kc. tungkêp.
nungkêmi: kw. nyungkêmi; kc. sungkêm.
nungku: kw. mêlêng puja; kc. tungku.
nungkul: kn. ak. 1 ndhungkluk; 2 têluk; 3 nêmpuh sarana nglimpe; [x]-i: nunggoni, nyipati dhewe; kc. tungkul.
nungkul aris: kw. têluk sarana alus (ora nganggo pêrang).
nungsa: êngg. ak. pulo; kc. nusa.
nungsang: kn. njungkir; kc. sungsang.
nungsang njêmpalik: pc. kanthi rêkasa bangêt.
nungsudake: kn. ak. njalari susud; kc. sungsud.
nungsun: kn. ak. numpuk-numpuk; kc. sungsun.
nungsung: kn. ak. munggah mêthukake ilining banyu, mudhik; kc. sungsung.
nungsung warta: kn. ak. golèk kabar (katêrangan).
nungtun: kn. ak. nuntun; kc. tungtun.
nupiksa, nupiksani: kw. mriksa, maca; kc. tupiksa.
nur: (A) kn. ak. cahya, sorot.
nuraga: I kw. kang ngêrèh ut. nguwasani (ent. digdaya, sêkti). II kw: andhap-asor; kc. anorraga.
nurahi: n. nirahi k. ndèkèki turahan; kc. turah.
nuras: êngg. kn. nguras, ngêsokake nganti sat; nurasi ki. nguyuhi; kc. turas.
nurat: kw. nulis; kc. surat.
nurbuwah: kn. ak. cahyaning kanabean.
(nuru): nênuru n. nênilêm k. ngisik-isik lsp. supaya turu; kc. turu.
nuruh: (-i) kn. nyiram sarana banyu dicurake; kc. turuh.
nurun: I [x]-i n. nêdhaki k. ngudhuni; [x]-ake: ngudhunake; kc. turun. II [x]-ake n. nêdhakakên k. 1 nganakake; 2 nglantarake (nularake) marang turun-turune; kc. turun. III n. nêdhak k: niru (nulis) layang lsp. kc. turun. IV [x]-i êngg. kn. nguruni; kc. turun.
nurun sungging: kn. ak. nurun (niru) trêp bangêt.
nurus: kn. nandur turus; kc. turus.
nurut: kn. 1 ngambah ing ênêring garis lsp; 2 manut, ora suwala; kc. turut.
nuroni: n. nilêmi k. 1 turu ing; 2 sanggama; kc. turu.
nus: kn. bngs. iwak mangsi.
nusa: kw. pulo.
nusahi: kn. susah mungguhing bab ...; kc. susah.
nusantara: kw. kapuloan (Indonesiah).

nusu: I n. nêsêp k. ngombe banyu susu saka ing susu; kc. susu. II [x]-[x] n. nêsa-nêsa k. ak: akon supaya enggal; kc. kêsusu, susu.
nusudake: kn. njalari susud; kc. susud.
nusuh: kn. gawe (manggon) ing susuh; kc. susuh.
nusuki: I kn. ngilangi (malik, nimpal) ngango susuk; kc. susuk. II kn: njujuli, mènèhi susuk; kc. susuk.
nusul: kn. nututi; kc. susul.
nusun: kn. ak. sungsun; kc. sungsun.
nusung: kn. ak. nungsung.
nusup: (-i) kn. nlêsêp ing, nlusupi; kc. susup.
nusur: I êngg. kn. ngusari bolah lsp. nganggo malam lsp; kc. susur. II kn: ngusar nganggo susur; kc. susur.
nusur-tanah: êngg. kn. surtanah.
nusus: kn. ora manut kang lanang; kc. nujus.
nusut: êngg. kn. nglacak (nganggo asu); kc. susut.
nusoni: n. nêsêpi k. ngombèni banyu susu; kc. susu.
nuswa, nusya: kw. pulo.
nuswapada: kw. jagat, donya.
nut: I di-[x] êngg. diturut; kc. tut. II (W) kn. 1 ciri gambar swara(ning musik, mênyanyi lsp); 2 buku cathêtan; 3 pèngêtan (ing karangan layang kabar lsp).
nutasake: kn. ak. nuntasake; kc. tutas.
nutfah: (A) kn. ak. mani.
nutu: kn. (nggêntang k): ngoncèki pari lsp. sarana disosoh ing alu; kc. tutu.
nutug: kn. nganti tumêka ing pungkasan; [x]-ake n. ndumugèkakên mbanjurake, nêrusake nganti rampung; kc. tutug.
nutuh: I kn. nêgor pang-pang ing wit; kc. tutuh. II kn: ngambali nêmpuh (nglawan, nambani lsp) manèh; kc. tutuh. III n. nêtak k: nyrêngêni (nyampahi) dening kliruning tindak lsp; kc. tutuh.
nutul: (-ake) kn. ndumukake (ndulitake, ngêclupake) sathithik; kc. tutul.
nutup: kn. nginêp supaya rapêt; kc. tutup.
nuturake: êngg. ngêtutake, mèlu; kc. tutur.
nuturi: I n. nanjangi k. ngandhani; kc. tutur. II êngg. kn: ngalap, njupuk, ngopèni; kc. tutur.
nutusi: kn. nyunduki nganggo tutus; kc. tutus.
nutut: I kn. manut, ora suwala; kc. tutut.
--- 350 ---
II [x]-i kn: ngoyak nusul, nyêtut; kc. tutut.
nutpah ~ nopal.
nutpah: kn. ak. mani.
nucèkake, nucèni: kn. ngrêsiki supaya suci; kc. suci.
nucudi: kn. ak. ngluconi; kc. cucud.
nucuh: kn. ak. 1 natoni numbak, nyakot lsp; 2 êngg. nutuh; kc. cucuh.
nucuk: I kn. 1 nothol; 2 ks. mangan; kc. cucuk. II [x]-ake êngg. pc: ngetung-etung rêgane sing pantês; kc. cucuk.

nucup: kn. 1 ngombe sarana ngakêp cucuking kêndhi lsp; 2 nyêrot (nêcêp) sarana lambene ditèmpèlake; kc. cucup.
nucruk: êngg. kn. nyabrang têrus, nasak.
nucrup: êngg. kn. nucup.
nuthuk: kn. ndhêdhêg nganggo barang kang atos; kc. thuthuk.
nuwak: kn. nyagaki; kc. tuwak.
nuwakake: n. nyêpuhake k. njalari (marakake, ngundhaki) tuwa; kc. tuwa.
nuwakupake: kn. sumarah marang; kc. tuwakup.
nuwala: kw. layang; kc. nawala.
nuwani: n. nyêpuhi k. êngg: dadi têtuwa: kc. tuwa.
nuwasi: kn. mènèhi pituwas; kc. tuwas.
nuwawa: kw. nitipi; kc. tuwawa.
nuwèni: k. niliki.
nuwêk: kn. nyuduk; kc. tuwêk.
nuwila-ganda: kw. nyanak-nyanak marang wong kang luhur.
nuwuhake: kn. 1 nukulake; 2 njalari; kc. tuwuh.
nuwukakên: k. marêgake; kc. tuwuk, warêg.
nuwun: I êngg. ki. njaluk; kc. suwun, nyuwun. II kn: 1 mratelakake pakurmatan; 2 trima kasih.
nuwun mawon: pc. nuwun (atêgês êmoh, nampik).
no: I pc. lo! II êngg. ngono, mêngkono.
nobatake: kn. 1 njalari tobat, ngapokake; 2 pc. mêdèni bangêt, nggêgirisi; 3 pc. njêlèhi bangêt, marakake kapok; kc. tobat.
noblos: êngg. kn. nyoblos; kc. toblos.
noja: kn. ar. têtuwuhan godhonge dianggo têtamba.
nojèh: kn. ak. nyuduk nyoblos; kc. tojèh.
nojoh: pc. njojoh, nyoblos, nyuduk; kc. tojoh.
nodhêg: pc. katog bangêt (kang bêcik dhewe).
nodhi: kn. nyoba kakêndêlan lsp; kc. todhi.
nodhos: kn. nguncêgi; kc. todhos.
nogog: pc. mung mênêng bae (ora gêlêm têtulung, tumandang lsp).
nohan: kn. ar. dina sangawara kang kaping pat.
noyani: k. mbanyoni; kc. banyu, toya.
nok: I pc. dhenok. II pc: ana ing.
nokidake: kn. ngêncêngake bangêt pangandêle (kayakinane); nokidi: ngantêpi pangandêle; kc. tokid.
nokil: I (ut. [x]-an) kn. ak: nukil(an). II êngg. kn. cidra, ora barès.
nok-lèh: pc. mêlèhake; kc. thok-lèh.
nokwèl: kn. ak. dahwèn; kc. thok-wèl.
nolak: êngg. kn. nulak; kc. tolak.
nolang-nolang: kn. tholang-tholang.
nolèh: kn. mengo, mingêr mêmburi; kc. tolèh.
noli: êngg. nuli.
nolih: pc. nolèh.
nom: n. nèm k. timur ki. 1 isih sathithik umure, durung tuwa; 2 durung mangsa, durung matêng; 3 rada sêmu putih tmr. warna; 4 ak.

mayat bangêt (tmr. payon); 5 sadurunge tanggal 15 (tmr. sasi, rêmbulan); di-[x]-ake: 1 didadèkake nom; 2 dianyarake manèh (tmr. utang); kc. anom, nonoman.
nomahake: kn. ak. mêmanuh, ngulinakake; kc. tomah.
nomboki: kn. 1 muwuhi kakurangane (tmr. wêtuning dhuwit, têtuku), 2 nganggo muwuhi dhuwit (tmr. ijol-ijolan); 3 mènèhi tombok (tmr. janggrungan lsp); kc. tombok.
nomnoman: n. nèmnèman k. kang isih nom.
non: I kw. wêruh; kc. anon, ton. II pc: nun.
nonah: kn. bocah wadon prawan (tmr. bangsa Eropah, Cina).
nonjok: kn. mènèhi panganan lsp. dianggo sarana ulêm-ulêm; kc. tonjok.
nonjol: kn. ak. ndhrusul saka buri; kc. tonjol.
noni: kn. nonah cilik.
nonob: êngg. kn. 1 ngeyub (ngaso lsp); 2 ndhêlik; [x]-an êngg: pandhêlikan.
nonok: êngg. pc. pawadonan.
nonol: kn. bngs. urèt sok mangan kopi.
nonoman: n. nènèman k. kang isih nom.
nonong: kn. manyul (tmr. bathuk).
nonor: êngg. kn. lamur bangêt.
nontok: êngg. nonton.
nonton: n. ningali k. mriksani ki: ndêlêng; kc. tonton.
noncong: kn. nyongat mêngarêp (tmr. tumbak lsp); c[6] concong.
nonthong: pc. mung mênêng bae.
nonthor: pc. kêsèd, nganggur bae.
nonyo: pc. ngantêm, njotos; kc. tonyo.
nonyok: I pc. nonyo. II [x]-ake êngg: nyunyuk(-ake).
nonyol: pc. nonjol, nunjêl; kc. tonyol.
nong: êngg. ana ing.
nongkol: pc. nikêlake ênggone totohan; kc. tongkol.
nongkrong: pc. mêthongkrong.
nonglang-nonglang: kn. thonglang-thonglang.
nongol: pc. mênthongol.
nongong: pc. mêndongong.
nongsongi: ki. mayungi; kc. payung.
nongton: êngg. ak. nonton.
nopal: kn. ar. jasad dianggo mulas (marna).
--- 351 ---
nopèng ~ nronyok.
nopèng: kn. mbarang (njogèd) topèng; kc. topèng.
nora: n. ak. ora.
nor-raga: kw. andhap asor.
norap: êngg. kn. ngêlêbi; kc. torap.
norèhake: êngg. nêtakake; kc. torèh.
nori: kn. ar. bngs. bèthèt gêdhe.
norogi: êngg. kn. nomboki kakurangane; kc. torog.

norong: pc. mandhêg mêndêlik (gumun lsp); kc. nyorong.
nosog: I kn. numbak, nojoh lsp; kc. sosoh.
nosor: kn. nucuk nganggo sosor; kc. sosor.
nosori: kw. ngêsori; kc. sor, sosoran.
nosotake: kn. ngunèk-ngunèkake (misuhi lsp); kc. sosot.
notês: pc. layang cathêtan.
notisi: pc. cathêtan.
notog: kn. 1 mantog, têkan ing pantogan; 2 katog; kc. totog.
notohi: kn. nganakake totohan; kc. toh, totoh.
notol: kn. sêlak kêpengin bangêt, mantêp bangêt; kc. totol.
notor: êngg. kn. nêgor kayu; kc. totor.
notyani: I kw. ngêtrapi sêsotya (intên); kc. sotya. II kw: ngraupi; kc. sotya.
nocani: kw. ngraupi; kc. sotya.
nocog: I kn. nyoblos, nojoh; kc. cocog. II [x]-ake kn. nyumurupi cocog lan orane; kc. cocog.
nocoh: I kn. nglêmbutake kinang ing cocoh; kc. cocoh. II êngg. kn. 1 nacah, nyublêsi; 2 nutuh; kc. cocoh. III êngg. kn. nandur lan mêncarake uritan pari lsp; kc. cocoh.
nocok: I kn. mangan (tmr. asu). II pc: nglojok (nrajang) ing watêsing bathikan; kc. cocok.
nocol: I kn. ak. ngrikiti, nucuki (wowohan); kc. cocol. II êngg. kn: nyunduki banjur dipikul; kc. cocol.
nocor: pc. nosor; kc. cocor.
nocrop: pc. nucup, nêcêp sêru.
nothok: kn. nuthuk nganggo gêgêring athik-athikaning driji; kc. thothok.
nothol: kn. nucuk; kc. thothol.
nowongake: kn. nyuwungake, nglowongi; kc. towong.
nrabas: êngg. kn. nrajang têngah; kc. trabas.
nrajaki: kn. ak. mathoki; kc. trajak.
nrajang: kn. nêmpuh, nyêrang, nasak; kc. trajang.
nraju: kn. ak. nimbang nganggo traju.
nraju-mas: kn. ak. kaya traju-mas (pundhak kang bêcik).
nrahake: kw. 1 masrahake; 2 nurunake; kc. srah, trah.
nraya: kn. ak. njaluk tulung; kc. sraya.
nrakcak: êngg. kn. kurang tata-krama.
nrambahi: kn. ak. nyrambahi; kc. srambah.
nrambul: kn. nggrubyug; kc. trambul.
nrami: êngg. k. nrima.
nrampad: kn. ak. nyrampad; kc. srampad.
nranang: êngg. kn. pating pathêthêk, pating jlêmpah.
nrancag: kn. munggah (mènèk) rêrikatan; kc. trancag.
nrancang, nranthang: kn. padha bolong-bolong (tmr. barang sêmbêt).
nranyak: kn. tumindak kurang tata-krama kayata nyêkêl êndhas lsp.
nrang: I kn. ak. nêrang; kc. têrang. II kw: nêmpuh, nyêrang; kc. sêrang.

nranggal: kn. mranggal; kc. tranggal.
nrapake: kn. ak. ngêtrapake; kc. trap.
nrècès: kn. 1 padha tètès; 2 rikat lan pasèh (ênggone gunêman).
nrêcêl: pc. kêrêp manak; kc. crêcêl.
nrêcês: kn. ak. kêkês, adhêm njêkut; kc. trêcês.
nrima: n. nrimah k. 1 nampa kalawan panuwun; 2 wis marêm; kc. trima.
nrisig: I (ut. [x]-i) kn. ngêtrapi srisig; kc. srisig. II kn: nyirik (tmr. jogèd); kc. srisig.
nrisik: pc. nisik (ndondomi); kc. trisik.
nrisnani: pc. nrêsnani; kc. trisna.
nritik: kn. gawe tritik (ing kêmbên lsp); kc. tritik.
nrithik: I kn. tansah nyênyêkêl lsp; kc. thrithik. II pc: urut-urutan kêrêp.
nrithil: kn. kêrêp bangêt kêdhèp.
nrubus: kn. ak. thukul trubuse; kc. trubus.
nrukani: kn. têtruka ing; kc. truka.
nrunjah: pc. ngrunjah; kc. runjah.
nrunjang: kn. ak. nunjang; kc. trunjang.
nrunjêl: kn. ak. nunjêl; kc. trunjêl.
nrunthung: pc. tansah nywara thung-thung.
nrungku: kn. ak. ngunjara; kc. trungku.
nrus: kn. ak. nêrus, têrus; kc. têrus.
nrusi: êngg. kn. nambani nganggo prusi; kc. trusi, prusi.
nrutuli: kn. nututi (nusul) nggênahake; kc. trutul.
nrutus: kn. lunga nggêgolèki; kc. trutus.
nrucuk: pc. katon akèh sarta padha dhuwure; kc. crucuk.
nrucus: kn. padha nywara cus-cus.
nruthuk: kn. 1 mompar-mampir; 2 alon-alon; 3 pc. ndhrêdhêg; kc. thruthuk.
nruthus: pc. lunga dhêdhêmitan (alon-alonan); kc. thruthus.
nrokcok: êngg. pc. mangan gas-gasan.
nrombol: kn. mèlu nrambul; kc. trombol.
nronjol: kn. nrunjêl, nrênjêl; kc. tronjol.
nronthong: kn. padha bolong-bolong (tmr. gêdhèg), mbolongi (nylowèki) cagak pring lsp; kc. thronthong.
nronyok: pc. ngronyok; kc. ronyok.
--- 352 ---
nrocobi ~nyakêti.
nrocobi: kn. nyampuri; kc. trocob.
nrocohi: kn. trocoh banyune kêna ing; kc. trocoh.
nrocok: pc. nrokcok.
nrocop: pc. nyêrot, ngombe; kc. crocop.
nrocos: kn. 1 mili padha têlês; 2 pc. mêtu luhe; kc. crocos.
nrotholi: pc. notholi; kc. thothol.
nrowong: (-i) kn. ak. mbolong, gawe trowongan; kc. trowong.
nwam: kw. nom.

nyasa: (S) kw. ak. kaya.
nyu: kw. krambil.
1. Huruf Jawa: pasangan na.
2. kêtagihan.
3. saka.
4. nggotong.
5. templok.
6. kc.

NY

nya: I pc. iki lo! (diucapake nalikane mènèhi, ngulungake). II kw: -e, -ne.
nyaba, nyabani: kn. ak. sêsaba (ajêgan mara) ini; kc. saba.
nyababake: kn. ak. njalari, nganggêp dadi sabab; kc. sabab.
nyabak: êngg. kn. nyathok (-lalêr lsp); kc. cabak.
nyabari, nyabarake: kn. nindakake lsp. kalawan sabar; kc. sabar.
nyabat: kn. ak. dadi sakabat, mêguru; kc. sabat.
nyabdani, nyabdakake: kw. ngêsotake, mbêrkahi; kc. sabda.
nyabe: pc. kaya kulit cabe (pating pruntus marga adhêm tmr. kulit).
nyabêt: kn. 1 nggitik (nggêbug) nganggo barang kang mêntul; 2 pc. sarwa bêcik, sarwa komplit; kc. sabêt.
nyabili: kn. ak. nanggulangi, nêmpuh; kc. sabil.
nyabin: k. nyawah; kc. sabin.
nyablèk: kn. nampèl (namplèk) nganggo èpèk-èpèk; kc. cablèk.
nablik: pc. cilik ciyut (tmr. lambe, cangkêm).
nyabud, nyabut: êngg. kn. mbêdhol, ndaut, nyêlêd; kc. cabud.
nyabuk: I [x]-i kn. 1 ak. ngubêdi; 2 ngênggoni sabuk; kc. sabuk. II êngg. kn: mawur (tmr. lêmah); [x]-i êngg: ngrèmèhake; kc. cabuk.
nyabun: kn. ngumbah (adus) nganggo sabun; kc. sabun.
nyabrang: kn. ngambah ing banyu (kali, sêgara lsp); kc. sabrang.
nyadatake: kn. ak. ngucapake sadat tumrap ing liyan; kc. sadat.
nyade: k. ngêdol; kc. sade.
nyadukara: kw. pangapus.
nyadur, nyadhur: kn. nyêpuh (nglapis) ing êmas; kc. sadhur.
nyadoni: êngg. kn. 1 nanggapi, mangsuli; 2 mbagèkake, ngaruh-aruhi; kc. sadu, sadon.
nyadran: kn. slamêtan (sêsaji) ing papan kang kramat; kc. sadran.
nyajèkake: kn. nyaosake ki. nyêpakake pêpanganan lsp, marang; nyajèni: nyawisake sajèn marang; kc. saji, sajèn.
nyadham: kn. ngarêpake matêng (tmr. tela gantung, jambu kluthuk).
nyadhang, nyênyadhang: kn. 1 (ut. nyadhangi) ak. ngadhang; 2 ngêntèni, nganti-anti; 3 cumawis, sumadhiya; kc. cadhang.
nyadhu: êngg. kn. nanduri pari ing mangsa kêtiga; kc. sadhu.
nyadhuk:I êngg. ak. ngêbuk (ngantêm) wêtêng; kc. sadhuk. II pc: ngêpèk bojo; kc. cadhuk.
nyadhur: kn. nyêpuh (nglapis) êmas; kc. sadhur.
nyadhong: kn. 1 mara njaluk ingon (bayar lsp); 2 (ut. [x]-i) mènèhi cadhong; kc. cadhong.

nyaèni: k. mbêciki; kc. sae.
nyaèng: (-nyaèng) kn. mbedak-bedakake pangrêngkuhe marang anak lsp; kc. saèng.
nyagak: (-i) kn. nyuwak (nyangga) nganggo cagak; kc. cagak.
nyagêdakên: k. mbisakake; kc. sagêd, bisa.
nyagêrake: êngg. njagakake, mêsthèkake; kc. cagêr.
nyagir: pc. ngadêg njêjêr; kc. jêgir.
nyagluk: pc. njupuk; kc. cagluk.
nyaguhi: n. nyagahi k. saguh bakal mènèhi lsp; kc. saguh.
nyah: I pc. nya. II pc. nyonyah.
nyahadatake: kn. ak. nyadatake; kc. sahadat.
nyahak: kn. 1 nêrak (nglojok) wêwêngkoning tangga; 2 nêrak (ndhaku) wêwênanging liyan; kc. cahak.
nyahidi, nyaidi: kn. ak. nyêksèni; kc. sahid.
nyai: kn. 1 sêsêbutaning wong wadon bojoning guru ngèlmu lsp, kb. kyai; 2 sêbutan gundhik Wlanda.
nyait: êngg. kn. 1 nyêndhal, narik; 2 nawu; 3 êngg. pc. ngêrti; kc. sait, kêsait.
nyayabi: kn. maling ing (wayah awan); kc. sayab.
nyayadake: kn. ak. ngawadake; kc. sayadan.
nyayang: kn. ak. nindakake pakaryan sayang; kc. sayang.
nyayêmbarakake: kn. ak. ngundhangake sayêmbara; kc. sayêmbara.
nyayukake: kn. ngrukunake, ngrujukake; kc. sayuk.
nyayut: kn. ak. 1 ngrangkul; 2 ngubêdi, nalèni; 3 (ut. [x]-i) kw. mêkak, nyandhêt; kc. sayut.
nyayom: êngg. kn. ngajak ayon; kc. sayom.
(nyak): di-[x]-i pc. dicaki; kc. cak.
nyakahi: êngg. kn. nyêngkah; kc. cakah.
nyakal: êngg. kn. ngrekal; kc. cakal.
nyakal-bakali: kn. ak. miwiti gawe desa lsp; kc. cakal bakal.
nyakar: kn. namakake cakar; kc. cakar.
nyakarêp: n. nyakajêng k. nyakarsa ki. ak. nguja ing sakarêpe; kc. sakarêp.
nyakêp: kn. ak. bisa mangêrti, eling; kc. cakêp.
nyakêti: êngg. kn. nyêdhaki; kc. cakêt.
--- 353 ---
nyakil ~ nyampekani.
nyakil: pc. kaya buta cakil (cangkême); [x]-i: ngêtrapi cakil; kc. cakil.
(nyakit): nyênyakit k. nglêlara; [x]-i k. nglarani; kc. sakit, lara.
nyak-nyakan: pc. jag-jagan (kurang tata-krama).
nyak-nyuk: pc. mung sadhela tumuli lunga.
nyakup: kn. 1 ak. ngrauk; 2 wis mangêrti kabèh; kc. cakup.
nyakur: (-i) kn. ak. ngêruki nganggo sikil; kc. cakur.
nyakot: kn. namakake untu têrus digêgêt (uga ent.); kc. cakot.
nyakra: 1 kw. namakake cakra; 2 êngg. ngaku, ngira nduwèni; kc. cakra.
nyakra-panggilingan: kn. mubêng kaya jantra (timbal-tumimbal lair).

nyakrabawa: kw. ngira, nduga; kc. cakrabawa.
nyakrawati: kw. ngêrèh jagat (ratu agung).
nyakruk: (-i) pc. njaga, rondha; kc. cakruk.
nyaladi: kw. nular ngobong; kc. salad.
nyalah: I êngg. kn. nyilih; kc. silih. II [x]-i. 1 kw. nyèlèhi, nyèlèhake; 2 ak. nêngahi (nêsêli) ing wilêding gêndhing; kc. salah. III [x]-i ak: mialani; [x]-ake: nganggêp salah; kc. salah.
nyalaki: kn. ak. nglancangi, ndhisiki; kc. calak.
nyalangi: I kn. cêpak-cêpak (nyêdiyakake) ing sadurunge; kc. calang. II kn: nganggo (ndokoki) salang; kc. salang.
nyalap: êngg. k. nyèlèh; kc. salap.
nyalar: kn. ak. kongkonan; kc. salar.
nyalatake: kn. nyêmbahyangake; kc. salat.
nyalawadi: kn. (nyalawados k. ak. nyalawèdi ak): ora barès (ngandhut karêp wadi).
nyalêki: êngg. k. nyêdhaki; kc. calêk.
nyalêp: kn. nambani nganggo salêp; kc. salêp.
nyali: êngg. kn. pêru, rêmpêlu.
nyalib: kn. mênthang ing salib; kc. salib.
nyalikake: kn. malik nglêmpit (sandhangan lsp); kc. calik.
nyalini: n. nyantuni k. ngganti; kc. salin.
nyalokani, nyalokakake: kn. ngupamakake sarana saloka; kc. saloka.
nyaloni: kn. ak. dadi calon ing; kc. calon.
nyama, nyamani: êngg. k. madha, madhani; kc. sama, padha.
nyamadi: êngg. kn. ndayani bêcik; kc. samad.
nyamah: kn. ngala-ala (ngrèmèhake) marang; kc. camah.
nyamak: kn. 1 mangsak wlulang; 2 (ut, [x]-i) ngêtrapi samak ing buku; kc. buku.
nyaman: pc. enak bangêt.
nyamantakake: kn. njalukake rêmbug; kc. sêmanta.
nyamar: kn. ak. nyamun, nggawe wadi; [x]-i: mutawatiri, mbêbayani; kc. samar.
nyamat: kn. pêntholing kuluk (kang digawe mas lsp).
nyambangi: êngg. kn. ngrondhani, nganglangi; kc. sambang.
nyambat: kn. njaluk tulung, akon nggarapake lsp; kc. sambat.
nyambêl: kn. 1 olah sambêl; 2 ak. kaya sambêl; [x] wijèn pc. wis padha mlêtuk akèh uwane (tmr. rambut); kc. sambêl.
nyambêngi: êngg. k. nyalangi; kc. cambêng.
nyambêr: kn. niyup nyaut (saka ing dhuwur); kc. sambêr.
nyambil: kn. nggarap (nindakake) bêbarêngan karo kang baku; kc. sambi.
nyambik: êngg. kn. mênyawak; kc. mênyambik.
nyambit: êngg. kn. mbalang, nyawat, nyabêt; kc. sambit.
nyambuk: kn. nyabêt nganggo sambuk; kc. sambuk.
nyambung: n. nyambêt k. ndawakake sarana digandhèng lsp; kc. sambung.
nyambut: 1 kw. nyêkêl, nampani; 2 k. utang; 2 k. nyilih; kc. sambut.

nyambut-gawe: n. nyambut-damêl k. nindakake (nandangi) pagawean.
nyambut silaning akrama: kw. rabi, laki.
nyambori: kn. nyampuri; kc. cambor.
nyamèh: kn. ak. mènjêp.
nyamèkakên: k. madhakake; kc. padha.
nyamèni: k. madhani; kc. padha.
nyamêktani: kn. nyadhiyani kabèh kabutuhane; kc. samêkta.
nyami: k. madha; kc. padha.
nyamikan: kn. panganan pacitan (ing wedangan lsp).
nyamir: I kn. gawe samir; kc. samir. II [x]-ake êngg. nglapurake; kc. samir.
nyamlang: êngg. kn. umuk, sugih omong sêsongaran.
nyamlêng: kn. 1 trêp bangêt, cocog bangêt; 2 pc. cèplês (tmr. petungan); 3 enak bangêt.
nyam-nyamên: pc. isih kaya ana rasaning panganan lsp. ing cangkêm; kc. kênyam.
nyamu: kn. ak. colok lsp. kang digawe gombal diplintir banjur disulêd; mambu [x]: mambu obong-obongan jarit (gombalan).
nyamudana: kw. 1 ngaruh-aruhi lsp. kalawan alus; 2 nyamun, nyamar; kc. samudana.
nyamuk-nyamuk: kn. obahing cangkêm nalikane mangan (kêbak).
nyamun: kn. ak. nyamar; kc. samun.
nyamur: kn. 1 ak. tumindak supaya ora kasumurupan; 2 ak. nyimpên, ndhêlikake; 3 nyamur, nglêlali kasusahan lsp; kc. samur, slamur.
nyamut-nyamut: pc. 1 (isih) adoh ut. dhuwur bangêt, akèh bangêt antarane (bedane); 2 durung paja-paja; 3 isih durung nyakup têmênan (tmr. kawruh lsp).
nyampahi: kn. moyoki, maoni; kc. campah.
nyampaki: I êngg. ak. mapaki, madhani; kc. sampak. II êngg. kn: mrêgoki; kc. kesampak.
nyampar: kn. nyandhung nggasruk, nyampe nganggo sikil; [x] banyu êngg: nyewa (nggêntèni) sawah kang wis ditanduri; kc. sampar.
nyampe: kn. nyêkêl (nyenggol) nganggo tangan nalikane mlaku; kc. sampe.
nyampekani: kw. ngawekani kanthi kajuligan; kc. sampeka.
--- 354 ---
nyampêgi ~ nyangkêm.
nyampêgi: êngg. kn. nyampêti.
nyampêr: êngg. kn. mampir; kc. sampêr.
nyampêti: kn. nyukupi kabutuhane; kc. sampêt.
nyamping: ki. bêbêd, tapih.
nyampiri: kn. nyèlèhake jarit lsp. ing sadhuwure; kc. sampir.
nyampyuk: kn. nêmpuk ngênani (tmr. banyu); kc. sampyuk.
nyampluk: kn. nampèl (nampêk, nggitik) ing wang ut. janggut; kc. sampluk.
nyamplung: I kn. bêton sadaginge (tmr.nangka lsp). II kn: ar. wit wohe digawe lênga.

nyamplong: êngg. kn. mbêngkolang, mbalang; kc. samplong.
nyampuni: k. nguwisi.
nyampur: kn. ngêwor dadi siji; kc. campur.
nyampurnakake: kn. agawe sampurna; kc. sampurna.
nyan: êngg. kn. yèn.
nyana: kn. ngira, nggagas; ora [x] (ora dimpe): ora ngira babar pisan; di-[x](-[x]) ak: dikira, didakwa.
nyanak: kn. ngaku sanak, ngrêngkuh sanak; kc. sanak.
nyandeyani: kw. mêdèni; kc. sandeya.
nyandèkakên: k. murungake; kc. sande, wurung.
nyandêr: êngg. kn. mlayu bantêr (ngoyak lsp); kc. sandêr.
nyandi: kw. agawe sandi; kc. sandi.
nyandikani: kw. nyaguhi; kc. sandika.
nyandu: kn. mêtu candune (tmr. pipa rokok lsp) kc. candu.
nyandra: kn. nyritakake kaananing wêwujudan lsp. sarana pêpindhan, pêpandhingan lsp; kc. candra.
nyanjani: kn. sanja ing; kc. sanja.
nyanjangi: k. nuturi.
nyandhak: I kn. nyêkêl, bisa nututi; kc. candhak. II [x]-ake êngg. nggadhèkake (sawah lsp); kc. sendhe.
nyandhang: I (ut. [x]-i) kn. ngadhangi, nyadhangi; kc. candhang. II kn: mênganggo sandhangan; kc. sandhang(-an).
nyandhati: kn. nalèni ut. nyunduki nganggo sandhat; kc. sandhat.
nyandhêt: kn. mêkak, ngampêt, mênggak; kc. candhêt.
nyandhi: kn. ak. 1 mêndhêm ing candhi; 2 mêmêtri, mundhi-mundhi; kc. candhi.
nyandhing: kn. linggih lsp. nyêdhaki; kc. sandhing.
nyandhuk: êngg. pc. ngêkop; kc. candhuk.
nyandhung: kn. sikile nanggor (watu lsp); kc. sandhung.
nyanepakake: kn. ak. ngupamakake nganggo sanepa; kc. sanepa.
nyanèsakên: k. nyèjèkake; kc. seje.
nyanuk-nyanuk: pc. muk-mukan.
nyantên: I [x]-i kn: ngadoni nganggo santên; kc. santên. II k: nyatur; kc. catur.
nyantêr: kn. ak. kalawan santêr (ênggone tumandang lsp); kc. santêr.
nyantu, nyantrok: êngg. pc. manggon bae, tansah linggih bae.
nyantung: êngg. kn. têkan ing; tutug ing, gadhug.
nyantun: k. nyari.
nyantuni: k. nyalini; kc. salin, santun.
nyantrèni: pc. kaya santri; kc. santri.
nyantri: kn. 1 dadi batur (rewang) ana ing omahe calon maratuwa; 2 ngaji (sinau) ana ing panggonane guru agama (Islam, pondhok); kc. santri.
nyantrik: I kn. dadi cantrik, mêguru; kc. cantrik. II kn. cacad (lagean) ala.
nyanthang: kn. nylomod nganggo canthang; kc. canthang.
nyanthèli:(-ake) kn. nggantungi(-ake) ing; kc. canthèl.

nyanthik: I kn. 1 ngiris nganggo canthik; 2 pc. awangung nyongat mbêngkêluk kaya canthik; kc. canthik. II êngg. kn. ngeling-eling, ngapalake; kc. canthik.
nyanthol: kn. nyangkol ing; kc. canthol.
nyanyah-nyunyah: pc. kasar-kasaran (tmr. gunêman lsp).
nyanyak: êngg. pc. 1 mangap, angop; 2 mangan.
nyanyi: pc. mênyanyi.
nyang: I pc. n. mênyang. II di-[x] n. dipunawis k: arêp dituku kurang saka tawane; kc. ênyang.
nyanga: kn. siji-sijine sanga.
nyangapake: pc. ngêngakake amba; kc. cangap.
nyangar: I kn. ngêngakake (mbênggang) cangkêm pêrlu diombèni jamu; kc. cangar. II kn: nganggêp sangar.
nyangèni: kn. ak. ngauli, nadari; kc. sangi.
nyangêtakên: k. mbangêtake; kc. bangêt.
nyangga: n. nyanggi k. nyuwak (madal, nduwa) saka ingisor; kc. sangga.
nyanggah: kn. namakake canggah; kc. canggah.
nyanggèhi: pc. ngladaki, mbêbeda; kc. canggèh.
nyanggêmi: kn. nyaguhi, ngandhêmi; kc. sanggêm.
nyanggi: k. nyangga.
nyanggit: êngg. kn. ak. nyambung; kc. sanggit.
nyanggupi: êngg. ak. nyaguhi; kc. sanggup.
nyanggrahi: kn. ak. dêdunung ing; kc. sanggraha, pasanggrahan.
nyanggrak: kn. ak. ngêtokake gêtihe; kc. sanggrak.
nyanggrêk, nyanggrok: kn. ak. mandhêg ing; kc. sanggrêk.
nyangik: pc. katon kuru bangêt (tmr. wong wadon).
nyangkal: êngg. pc. madoni, mbadal; kc. sangkal.
nyangkal putung: kn. awangun menggok mawa pojok; kc. sangkal.
nyangkani: kn. ak. miwiti sangka ...; kc. sangka.
nyangkêmi: ks. ngujar-ujari, nyrêngêni; kc. cangkêm.
--- 355 ---
nyangkêpi ~ nyarug.
nyangkêpi: kn. ak. nyamêktani, nyawisi; kc. sangkêp.
nyangkin: êngg. kn. tansah, saya.
nyangking: kn. nggawa apa-apa kaya digantung ing tangan; kc. cangking.
nyangklak: pc. krasa ora kêpenak têkan ing cangklakan; kc. cangklak(-an).
nyangklèk: kn. mbopong ing bangkèkan; kc. cangklèk.
nyangklêk: kn. cêdhak (cakêt) bangêt.
nyangklêng: pc. kêsuwèn bangêt.
nyangkluk: pc. ndhungkluk, tumungkul.
nyangklong: (-i) kn. nglêbokake ing cangklong; kc. cangklong.
nyangkuh: kn. namakake sangkuh; kc. sangkuh.
nyangkul: I kn. maculi; kc. cangkul. II kn: ngrewangi pagaweaning liyan; kc. sangkul.

nyangkut: kn. nggubêd (nggêpok) ing (tmr. tali, bolah layangan lsp); kc. sangkut.
nyangkok: kn. njupuk panging wit arêp ditandur; kc. cangkok.
nyangkol: kn. nyanthèl ing; kc. cangkol.
nyangkrahi: kn. masangi (ndokoki) sangkrah; kc. sangkrah.
nyangkramani: kw. ndhêmêni; kc. cangkrama.
nyangkrang, nyangkrêng: pc. katon linggih lsp. ana ing dhuwur.
nyangkrêg: pc. nyanggrêk; kc. cangkrêk.
nyangkribi: kn. ak. nutupi; kc. cangkrib(-an).
nyangkrimani: (nyangkrimi pc) kn. mbêdhèki cangkriman; kc. cangkriman.
nyangling: kn. nggilapake êmas; kc. sangling.
nyangluk: êngg. kn. tumêlung tumiyung; kc. sangluk.
nyanglung: êngg. kn. nyelung, golèk laron.
nyang-nyangan: n. awis-awisan k. padha nganyang; kc. nyang, ênyang.
nyang-nyêng: pc. rikat ênggone ngangkati, nggawa lsp; kc. nyêng.
nyangub: kn. ngabang slaka lsp; kc. sangub.
nyangoni: kn. mènèhi sangu; kc. sangu.
nyauloni: kn. ak. nanggapi gunêm; kc. saulon.
nyaur: kn. mbayar utange; [x]-i: mangsuli; kc. saur.
nyaut: kn. nyêkêl (sarana nyambêr lsp); kc. saut.
nyao: pc. gampang bangêt, pasaja bangêt.
nyaosi: ki. 1 nyawisi; 2 mènèhi; kc. saos, caos.
nyapa: I kn. takon jênênge, ngaruh-aruhi; kc. sapa. II (ut. nyapani) kw: nyupatani, ngêsotake; kc. sapa.
nyapar: I êngg. kn. ngoyod; kc. capar. II kn. ak: slamêtan ing sasi Sapar.
nyapasari: n. nyapêkêni k. nylamêti mbênêri sapasaring pangantèn lsp; kc. sapasar.
nyapata, nyapatani: kn. ngêsotake; kc. sapata.
nyape: êngg. kn. mbadhe; kc. cape.
nyapèlèkake: kn. nganggêp sapele (ngrèmèhake); kc. sapele.
nyapih: kn. 1 nglêrêmake wong nêpsu; 2 misah wong pêpadon; 3 nglèrèni ênggone nusoni; kc. sapih.
nyapit: pc. mèjèt (nyêkêl lsp) nganggo sapit, njêpit; kc. sapit, capit.
nyaplêk: êngg. ak. plêk, padha trêp; kc. plêk, caplêk.
nyaplok: kn. mangan têrus diulu; kc. caplok.
nyapu: kn. ngrêsiki nganggo sapu; kc. sapu.
nyaput: kn. 1 ak. nglimputi, nutupi; 2 mupuri lamat-lamat; kc. saput.
nyaprang, nyaprat: pc. njlaprat (tmr. brêngos).
nyara: kn. nindakake kaya sacaraning ...; kc. cara.
nyarab: kn. nyaplok pangan (tmr. iwak); kc. sarab.
nyarad: êngg. kn. nyèrèd, nglarak; kc. sarad.
nyarah: kn. 1 ak. ngêntas saka ing banyu; 2 manut ing sakarêpe; kc. sarah.
nyarak: êngg. kn. nyahak; kc. carak.
nyarani: kn. ak. ngacarani, mbagèkake; kc. cara.

nyarang: êngg. ak. nyirik, nyingkiri, nulak; kc. sarang.
nyarapi: êngg. kn. 1 ak. nglèmèki; 2 mènèhi sarapan; kc. sarap.
nyarasakên: k. marasake; kc. waras.
nyarati: I kn. 1 nyranani (êngg. nggunani lsp); 2 êngg. mragadi; kc. sarat. II ut. nyaratake kn. ak: njanggêlake, njanjèkake; kc. sarat.
nyarawèdi: kn. ak. nggosok intên; kc. sarawèdi.
nyare: ki. nginêp; nyarèni ki: nuroni; nyarèkake ki: 1 nurokake; 2 ngubur; 3 nginêpake; kc. sare.
nyarèhake: kn. nglêrêmake, nyabarake; kc. sarèh.
nyarèni, nyarèkake: kn. nggarap nganggo sarèn (sari kuning); tmr. bathikan.
nyarêki: êngg. kn. nyêdhaki, marani; kc. carêk.
nyarêmi: k. nguyahi (nganaki); kc. sarêm, anak.
nyarêngi: k. mbarêngi; kc. barêng, sarêng.
nyari: I n. nyantun k. ukuran saambaning driji. II kw: ngisêp sari (ning kêmbang); kc. sari.
nyariyosi, nyariyosakên: k. 1 nyritani, nyritakake; 2 ngandhani, ngandhakake; kc. cariyos, criyos.
nyarik: I kn. mbathik; kc. carik. II (ut. [x]-i) kn. ak: mandumi lorodan (pangan);kc. carik. III [x]-i êngg. kn. malati, namakake walat; kc. sarik.
nyaring: I kn. ngrêsiki sarana saringan; kc. saring. II kn. ak. bantas, sêru (tmr. swara).
nyarirani: ki. ngawaki; kc. awak.
nyaru: kn. ak. ngrigoni; [x] krama kw: dêksura, murang tata; [x]wuwus ak: nyêla-nyêla mèlu gunêman, ngrigoni; kc. saru.
nyarub: (-i) kn. nyampur(-i); kc. carub.
nyarug: kn. nyampar (nggasruk); kc. sarug.
--- 356 ---
nyaruk ~ nyèh-nyèh.
nyaruk: kn. 1 ngrauk; 2 nggrauk; 3 êngg. pc. nyampur (digawe padha), ngracak; kc. caruk.
nyarungi: 1 kn. ak: ndokoki wadhah (urung); 2 k. mrangkani; 3 ngênggoni sarung; kc. sarung, wrangka.
nyaroja, nyarojani: kw. ngrangkêp, mêpaki; kc. saroja.
nyarong: kn. bêning bangêt.
nyaros: êngg. k. nyari.
nyartani: kw. nganthèni, mbarêngi; kc. sarta, sêrta.
nyas: mak [x] pc. sanalika krasa panas lsp; kc. kênyas.
nyasmitani: kw. mènèhi sasmita; kc. samita.
nyat: mak [x] pc. ngadêg (mangkat lsp) sanalika.
nyata: I kn. 1 têmên, têmênan; 2 ora gêgorohan; 3 têrang bangêt, gênah bangêt; 4 pc. pancèn, mula têmênan; dinyatani ak: ditêmêni, dilakoni têmênan; dinyatakake n. dipunyêktosakên k: digênahake, dipriksa nyata lan orane; kc. sanyata. II k: nêmbako (nanduri têmbako); kc. sata, têmbako.
nyate: kn. gawe sate.

nyatmata: kw. namatake; kc. satmata.
nyat-nyut: pc. ora ajêg pikirane.
nyatu: I êngg. ak. nambani tatu sarana donga; kc. catu. II kn. ak: mancèni (ngêdumi) pangan; kc. catu.
nyatur: n. nyantên k. nggunêm ala; kc. catur.
nyatus: kn. 1 sabên satuse; 2 ([x] dina) nylamêti wong mati mbênêri satus dina saka gêblage; kc. satus.
nyato: êngg. ak. nyatu (nambani tatu).
nyaton: kn. ak. bathok lsp. kang didokok mêngkurêb ing kukusan.
nyatoni: êngg. natoni; kc. caton.
nyatriya: kn. ak. 1 urip kaya satriya (ora ngèngèr); 2 tindak-tanduke sarwa alus lan utama kaya satriya; kc. satriya.
nyatru, nyatroni: kn. ak. mungsuh, nganggêp satru, njothak; kc. satru.
nyacad: pc. nacad; kc. cacad.
nyathak-nyathak: kn. ak. kêsusu-kêsusu (durung mangsane).
nyathèk: kn. nyakot; kc. cathèk.
nyathêm: (ake) pc. ngingkêmake, mingkêm; kc. cathêm.
nyathêt: kn. 1 êngg. njithêt; 2 êngg. ngrikiti; 3 ak. nganggit ing sajroning angên-angên; [x]-i: nulisi supaya ora lali; kc. cathêt.
nyathil: pc. ngatutake, njupuk; kc. cathil.
nyathis: pc. katon maju cangkême (janggute).
nyathus: pc. mênêng bae (ora tumandang).
nyathut: kn. migunakake cathut.
nyathok: I kn. 1 nggathuk-nggathukake sambunganing balungan omah lsp; 2 (ut. [x]-i) ngêtrapi cathokan; kc. cathok. II nyêkêl walang lsp. sarana disaut banjur digêgêm; kc. cathok.
nyawa: kn. 1 kang njalari urip; 2 pc. sukma, jiwa; 3 br. têmbung pamiluta atêgês kang dikasihi.
nyawabi: kn. mbêrkahi, ndayani; kc. sawab.
nyawad: (-i) êngg. ak. maoni; kc. sawad.
nyawah: n. nyabin k. nggarap palêmahan didadèkake sawah; kc. sawah.
nyawani: kn. ak. nambani (nulak) sawan; kc. sawan.
nyawang: I kn. mandêng namatake; kc. sawang. II kn. ak: ngêpang; kc. cawang.
nyawat: kn. mbalang; kc. sawat.
nyawe-nyawe: kn. ak. mèlu mrêduli marang; kc. cawe.
nyawèl: kn. 1 nyathèk, nyakot; 2 êngg. pc. nyêkêl; 3 ks. kandha, ngandhakake; kc. cawèl.
nyawèni: êngg. ak. 1 ndokoki têtêngêr (sawi); 2 mêling sadurunge; kc. sawi.
nyawêt: I pc. ngawêt; kc. cawêt. II [x]-i kn. ngênggoni cawêt; [x]-ake: ngubêdake jarit dicara cawêt; kc. cawêt.
nyawiki: ki. nyewoki; kc. cawik, cewok.
nyawil: êngg. kn. nyêkêl; kc. cawil.
nyawisi, nyawisake: kn. nyaosi, nyaosake ki: nyadiyakake, nyêpaki; kc. cawis.

nyawit: pc. nganggo sandhangan kang padha corake (ikêt karo bêbêd lsp); kc. sawit.
nyawud: êngg. kn. ngurap; kc. sawud.
nyawuk: kn. 1 nyidhuk banyu nganggo tangan; 2 nggraut; kc. cawuk.
nyawung: I kn. ak. 1 ngumpulake, nggathukake; 2 nanggapi, mangsuli; kc. sawung. II kn. ak: mbopong bocah dilinggihake ing bangkekan; kc. sawung. III (ut. [x]-akên) k: njago, sawung.
nyawur: (-ake) kn. 1 nyêbar apa-apa kang mawur; 2 nyêbar wiji; kc. sawur.
nyawur-ingin: ([x]-rancah, [x]-tinggal) kn: nyêbar wiji pari ing sawah tanpa didhêdhêr.
nyawur-pêndhêm: kn. nyêbar wiji ing pandhêdhêran tanpa diêlêbi.
nyebani: n. nyowani k. ak. seba ana ing; kc. seba.
nyèbên: êngg. k. nyewa.
nyèbêt: (-i) êngg. kn. nyabêt(-i); kc. sèbêt.
nyèblêk: (-ake) pc. nancêb(-ake); kc. cèblêk.
nyeblokake: êngg. kn. 1 nancêbake ing (ngêdêgake omah lsp); 2 pc. nandur, nyèblêkake; kc. ceblok, cêblok.
nyebratake: kn. êmoh ngaku anak; kc. sebrat.
nyeda: kw. nacad; kc. cedha.
nyedani: ki. matèni; kc. seda.
nyèdhèng: kn. laku ngiwa (tmr. wong wadon); kc. sèdhèng.
nyedhumi, nyedhomi: kn. ak. ngaubi, ngeyubi; kc. sedhum.
nyedhok: êngg. pc. nyidhuk; kc. cedhok.
nyègêl: kn. 1 ndokoki sègêl; 2 êngg. mbêslah; kc. sègêl.
nyègêr: êngg. pc. mencok, mapan; kc. cègêr.
nyegog: êngg. ak. menggok (ndhêlik, ngaso); kc. segog.
nyegrok: pc. mencok, mapan.
nyèh-nyèh: pc. 1 mamah suruh (kinang); 2 gunêman kasar.
--- 357 ---
nyehat(ake) ~ nyèwèng-nyèwèng.
nyehat: (ake) êngg. pc. niru, nirokake; kc. sehat.
nyeyub: kn. ak. ngeyub, ngaub; kc. seyub.
nyeyos: êngg. kn. nyiram gêni (ing pawon); kc. ceyos.
nyeyosakên: êngg. k. nèjèkake; kc. seje.
nyèk: mak [x] pc. katêranganing midak barang êmpuk (mlênyèk); di-[x](-[x]): 1 diidak-idak (tmr. barang kang mlênyèk); 2 pc. dirèmèhake, diina.
nyeka: êngg. kn. nggosok nganggo gombal lsp. manasi awak lsp. nganggo gêndul isi wedang lsp; kc. seka.
nyèkèk: (-ake) êngg. nyèlèh(ake); kc. sèkèk.
nyèkèr: (-i) kn. ngêruki lêmah nganggo cakar (tmr. pitik); kc. cèkèr.
nyèkêt: kn. siji-sijine (sabên) sèkêt; kc. sèkêt.
nyèkrèk: pc. katon cakrak.
nyela: k. matu; kc. watu, sela.
nyeladake: kn. ak. ngucapake kaya celad; kc. celad.
nyelaki: kn. ora ngakoni, mungkir; kc. selak.

nyèlèh: (ake) kn. ndokokake; kc. sèlèh.
nyèlèng: pc. kaya cèlèng (wangkod); [x]-i: nyimpên dhuwit saka sathithik; kc. cèlèng.
nyelung: êngg. pc. 1 golèk laron; 2 mblasukake, ngapusi; kc. celung.
nyelog: êngg. kn. golèk (ndhudhuk) uwi lsp. ana ing alas; kc. selog.
nyelong: kn. ak. ngukum buwang (mênyang Selon).
nyèmèk-nyèmèk: pc. rada têlês (ana banyune).
nyèmèki: kn. ak. nglèmèki, nyarapi; kc. sèmèk.
nyèmèt-nyèmèt: pc. mung sathithik bangêt.
nyemplak: I êngg. kn. nyengklak, nyemplo; kc. cemplak. II (ut. nyemplang) êngg. kn: nêndhang, ndugang; kc. semplang.
nyemplo: kn. nyengklak (nunggang); kc. cemplo.
nyenapatèni: kn. ak. dadi senapati mungguhing ... (manggêdhèni); kc. senapati.
nyèndhèni: kn. sumèndhe ing; kc. sèndhe.
nyendhok: kn. nyidhuk nganggo sendhok; kc. sendhok.
nyènèng: kn. nggèrèd, narik; kc. cènèng.
nyènèsakên: êngg. k. nèjèkake; kc. sènès.
nyenol: kn. kandêl êmpuk (tmr. kulit lsp); kc. cenol.
nyenthangi: kn. nêngêri ing tulisan (ndokoki centhangan); kc. centhang.
nyènthèlake: êngg. nyanthèlake; kc. cènthèl.
nyenthong: êngg. kn. nyidhuk nganggo centhong.
nyènyèh: (ên) kn. ngêmu banyu arêp dadi mêmala.
nyèng: mak [x] pc. mak nyêng.
nyèngèl: pc. nyungul êndhase; kc. cèngèl.
nyèngèni: êngg. kn. ngajak.
nyèngèr: pc. nyèngèl.
nyènggèk: êngg. kn. nyènggèt; kc. sènggèk.
nyènggèt: kn. nggèthèl wowohan lsp; kc. sènggèt.
nyenggol: kn. nggêpok (njawil lsp) sathithik; kc. senggol.
nyenggot: kn. njupuk lsp. nganggo senggotan, main senggotan; kc. senggot.
nyènggrok, nyènggrong: êngg. kn. mandhêg ing; kc. sènggrok.
nyengklak: I kn. nyemplo nunggang (jaran lsp); kc. cengklak. II êngg. kn. nyangklêk, nyawung; kc. cengklak.
nyèngklèhake: kn. mutung supaya sèngklèh; kc. sèngklèh.
nyengkok: kn. 1 êngg. nyangkok; 2 ak. niru, nulad, ngèmpêri; kc. cengkok.
nyèngkrèm: pc. katon bêcik (bagus lsp).
nyengoh: pc. nyêngoh.
nyeok: (-i) êngg. kn. ngrauk, ngraup; kc. ceok.
nyeos: êngg. kn. nyirami gêni ing pawon lsp; kc. ceos.
nyepa: êngg. kn. mujudi; kc. sepa.
nyepak: kn. nêndhang nganggo sikil kang buri; kc. sepak.
nyepakake: kn. ak. madhakake karo; kc. sepa.
nyèpêr: êngg. pc. ngetung-etung, ngira; kc. sèpêr.

nyeple: pc. linggih sumandhing.
nyèplêsi: pc. ngêtrêpi, madhani; kc. cèplês.
nyepor: pc. katon bundêr amba (njêbèbèh).
nyèprès: pc. dawa lêmês (tmr. brêngos).
nyèprèt: I êngg. kn. nyiprat; [x]-i êngg: nyiprati; kc. cèprèt. II pc: nyaprat (tmr. brêngos).
nyeproti: êngg. pc. nyiprati.
nyèrèd: kn. nggèrèd, nglarak; kc. sèrèd.
nyèrèhi: êngg. kn. nyidhuki umpluke; kc. sèrèh.
nyèrèni: kn. 1 êngg. nglèrèni (mocot); 2 ak. nyèlèhi; kc. sèrèn.
nyèrèt: (-i) kn. ndokoki (mbathik lsp) sèrèt.
nyèrêpi: kn. nggêntèni yèn ana kakurangane; kc. sèrêp.
nyerum: kn. nyuntik nganggo serum; kc. serum.
nyero: kn. misaya iwak nganggo sero.
nyerok: kn. nyidhuk nganggo serok.
nyerong: kn. ngiringake (tmr. nam-naman); kc. serong.
nyerongi: êngg. ak. nylerongi; kc. cerong.
nyerop: pc. nyidhuk; kc. serop.
(nyèt): di-[x] pc. dipènyèt.
nyetani: kn. ngadon-adoni, nggêgasah; kc. setan.
nyètèni: êngg. kn. ngoncèki.
nyetra, nyetrakake: kn. ak. mbuwang ana ing alas lsp; kc. setra.
nyèthèt: ks. 1 manak; 2 bêbanyu; kc. cèthèt.
nyèthi: kn. ak. ngabdi marang (dadi abdi wadon); kc. cèthi.
nyethok: kn. nyerok nganggo cethok.
nyethom: pc. gêdhe puluke (ênggone mangan); kc. sethom.
nyewa: kn. nyilih kanthi mbayar pituwas; kc. sewa.
nyewak: êngg. kn. mothèng-mothèng, mrêjit-mrêjit; kc. sewak.
nyèwèng-nyèwèng: êngg. pc. narik (nyènèng) mrana-mrana; kc. cèwèng.
--- 358 ---
nyèwèr ~ nyêkêl.
nyèwèr: êngg. kn. nyènèng, nyuwèk; kc. sèwèr.
nyèwu: kn. 1 sabên (siji-sijine) sèwu; 2 ([x] dina) nylamêti wong mati sèwu dina saka gêblage; kc. sèwu.
nyewoki: kn. nyawiki ki. ngrêsiki jubur lsp; kc. cewok.
nyewoti: êngg. kn. nguring-uring, nyrêngêni; kc. sewot.
nyêbablang: pc. saèm. njêpaplang.
nyêbak: êngg. kn. nêbak, ndêmak; kc. cêbak.
nyêbak gawe: n. ([x] damêl k) êngg: nyambut-gawe.
nyêbal: kn. ora padha (pilah, seje) karo panunggalane; kc. sêbal.
nyêbar: kn. nyawurake kêmbang lsp; kc. sêbar.
nyêbat: (-akên) êngg. k. nyêbut(-ake); kc. sêbat, sêbut.
nyêbawa: kn. muni, nywara; kc. sabawa.
nyêbèk: êngg. kn. nêbak, ndêmak; kc. cêbak.
nyêbêli: kn. njalari sêbêl; kc. sêbêl.
nyêbit: (-i) kn. nyuwèk(-i); kc. sêbit.

nyêblak: I (ut. [x]-i) kn. nyabêt(-i), nggêbugi; kc. sêblak. II [x]-ake kn. ngêngakake. mbukak; kc. sêblak.
nyêblèk: pc. nyablèk; kc. cêblèk.
nyêblukake, nyêblungake: pc. 1 nyêmplungake; 2 nyêblokake; kc. cêblok.
nyêblok: I êngg. kn. nyêblak; kc. sêblak. II pc: tumiba ing; [x]-ake: 1 nancêbake, ngêdêgake omah ing; 2 nandur; 3 pc. nibakake; kc. cêblok.
nyêbuk, nyêbok: pc. nyêmplung ing banyu.
nyêbul: kn. ndamu sêru; kc. sêbul.
nyêbut: kn. 1 ngarani, ngarani sêsêbutane; 2 (ut. [x]-ake) ngandhakake; 3 ngucapake asmaning Allah (sêmbahyang, nyuwun pangapura lsp); ora [x]: ora ngrumangsani (ênggone wis tuwa lsp); kc. sêbut.
nyêbrak: kn. 1 êngg. pc. nyuwèk; 2 (ut. nyêbrang) utang dhuwit sawêtara dina (tanpa nganggo cêkêlan); kc. sêbrak.
nyêbrèt: (-i), nyêbrut(-i) êngg. pc. nyuwèk(-i); kc. sêbrèt.
nyêbriki: êngg. kn. ngrêgêdi; kc. cêbrik.
nyêbrit: êngg. kn. ucul (tmr. sapi lsp).
nyêbrot: kn. nyolong panganggo kang dianggo sarana disêndhal; kc. sêbrot.
nyêd: mak [x] pc. katêranganing mijêt (ngênêtake); di-[x] pc: diênêtake; kc. ênyêd.
nyêdayakakên: k. ngabèhake; kc. kabèh.
nyêdul: êngg. pc. 1 ndudul; 2 malsu; kc. sêdul.
nyêdrah: kn. 1 ngêclup ing ancur lsp. (tmr. bolah layangan); 2 êngg. nyoga; kc. sêdrah.
nyêjarahake: kn. ak. nyritakake; kc. sêjarah.
nyêdhahi: k. nyuruhi; kc. suruh.
nyêdhaki: n. nyêlaki k. marani; kc. cêdhak.
nyêdhakêpake: kn. mapanake tangan supaya sidhakêp; kc. sidhakêp.
nyêdhêkahake: kn. ndanakake, nganggo sêdhêkah; kc. sidhêkah.
nyêdhêki: n. êngg. nyêdhaki.
nyêdhêng: kn. ak. nêdhêng-nêdhênge; kc. sêdhêng.
nyêdhêpake: kn. marakake sêdhêp; kc. sêdhêp.
nyêdhihake: kn. njalari sêdhih; kc. sêdhih.
nyêdhiyani: kn. nyawisi; kc. sêdhiya.
nyêdhil, nyêdhis: ora [x] pc. ora nggandra sapira, ora mbêjaji.
nyêdhuh: êngg. kn. nyiram wedang; kc. sêdhuh.
nyêdhot: êngg. kn. 1 nyènèng sêru; 2 mêdhot; kc. cêdhot.
nyêgadul: êngg. pc. njêgadul.
nyêgah: I kn. nglarangi (ngelikake) supaya ora nglakoni; kc. cêgah. II k: nyuguh; kc. sêgah, suguh.
nyêgarani: kn. ak. nyabari; kc. sêgara (sagara).
nyêgat: kn. ngadhang, ana ing dalan lsp; kc. cêgat.
nyêgele: êngg. kn. ndhewe, mênjila.
nyêgêr: (ut. nyêgir) pc. nglajir, katon ijèn.

nyêgêri: kn. njalari sêgêr; kc. sêgêr.
nyêgil, nyêglik: pc. linggih lsp, dhewe.
nyêgur: kn. nyêmplung ing (sumur lsp); kc. cêgur.
nyêgurah: kn. ak. nyuguh akèh bangêt; kc. sêgurah.
nyêgut: êngg. kn. nyênggut; kc. sênggut.
nyêgok: pc. nocog. nyogok; kc. sogok.
nyêgot: êngg. pc. mêdhot; kc. cêgot.
nyêgrèk: kn. nggraji; kc. sêgrèk.
nyêgrok: kn. nyogok nganggo gèntêr lsp; kc. sêgrok.
nyêkabat: kn. ak. mêguru, dadi murid; kc. sêkabat.
nyêkait: kn. sêkuthon nêdya nglawan lsp; kc. sêkait.
nyêkak: kn. nyêndhakake, ngringkês; kc.cêkak.
nyêkakah: pc. mlêngkang amba (tmr. sikil lsp); kc. cêkakah.
nyêkakak: kn. ngguyu sêru; kc. cêkakak.
nyêkakik: pc. mangan apyun dilèlèt; kc. cêkakik.
nyêkaklak: pc. ak. nyêkakak.
nyêkantuki: k. nyêkolèhi.
nyêkap: k. nyukup; [x]-i k. nyukupi; kc. cêkap, cukup.
nyêkar: k. ngêmbang; 2 nêmbang; 3 ki. ngijing; kc. sêkar.
nyêkarêp: n. nyêkajêng k. nyêkarsa ki: nguja ing sakarêpe; kc. sakarêp.
nyêkathung: kw. ngapusi; kc. cêkathung.
nyêkèk: ks. mangan; kc. cêkèk.
nyêkekal: pc. njênggèlèk grayah-grayah arêp tangi; kc. cêkekal.
nyêkèkèh: kn. mbêgagah sikile; kc. cêkèkèh.
nyêkèt: I pc. nyakot; kc. cêkèt. II kn: nggambar cêngkorongan; kc. sêkèt.
nyêkecakakên: k. ngêpenakake; kc. sêkeca.
nyêkethokake, nyêkethongake: pc. nêkuk ugêl-ugêl; kc. cêkethok.
nyêkêb: êngg. kn. ngimbu wowohan (diungkêb); kc. sêkêb.
nyêkêdhung: kn. nêkuk awangun kuwung; kc. cêkêdhung.
nyêkêl: n. nyêpêng k. 1 (ngasta ki) nggujêngi, [nggu...]
--- 359 ---
[...jêngi,] nggocèki; 2 nyandhak; kc. cêkêl.
nyêkênêk ~ nyêlot.
nyêkênêk: pc. katon rêgêd ngênêk-ênêki.
nyêkênik: pc. uthik-uthik tata-tata lsp; kc. cêkênik.
nyêkênuk: kn. nylêkênthung; kc. cêkênuk.
nyêkênthik, nyêkênthing, nyêkênthit, nyêkênthang, nyêkênthung: kn. nêkuk, nyêkênthung.
nyêkêthêm: kn. nyêkêl (nggêgêm) kêncêng; kc. cêkêthêm.
nyêkêthut: pc. njêkêthut.
nyêkidhing: kn. ak. nyêkêl nganggang-anggang; kc. cêkidhing.
nyêkik: kn. 1 cêkikên; 2 ks. matèni, nêkak; kc. cêkik.
nyêkikèr: kn. kluruk (tmr. ayam alas); kc. cêkikèr.
nyêkikik: kn. ngguyu lirih; kc. cêkikik.
nyêking: kn. ak. ngiris; kc. sêking.

nyêkip: pc. ngincêng (ngarah); kc. sêkip.
nyêkit: I pc. nyakot; kc. cêkit. II êngg. kn. 1 nyolong pari ing sawah; 2 pc. nyèrèt; kc. cêkit, cukit.
nyêkithat: pc. saèm. njêkithat.
nyêkithing: kn. nyêkêl (nyangking) ing antaraning nganggo panuduh karo jêmpol; kc. cêkithing.
nyêkiwing: pc. nyêngkiwing; kc. cêkiwing.
nyêklak, nyêklèk: pc. mutung, putung; kc. cêklak, cêklèk.
nyêkluki: pc. njêkluki, njêthuti athik-athikan lsp; kc. cêkluk.
nyêk-nyêk: pc. mlaku alon; kc. tlênyak-tlênyêk.
nyêkuja: êngg. kn. nguja; kc. sêkuja.
nyêkukruk: kn. linggih tumungkul kurang bingar (tmr. pitik lsp); kc. cêkukruk.
nyêkuli: kn. nganji lawon lsp; kc. sêkul.
nyêkuthêng: kn. mblêngkuk, kaya ukêl-ukêlan; kc. cêkunthêng.
nyêkung: kw. ngêtok kadayan, ngêpêng; kc. sêkung.
nyêkut: (-i) pc. 1 nyolong pari ana ing sawah; 2 nggawa lunga; kc. cêkut.
nyêkuthak: kn. ak. 1 nyamplak janggut; 2 tumindak kasar; kc. cêkuthak.
nyêkuthêm: pc. ora padhang ulate.
nyêkuthik: pc. nguthik-uthik; kc. cêkuthik.
nyêkuthis: pc. katon kuru pucêt (mlarat bangêt lsp); kc. cêkuthis.
nyêkuthu: kn. ak. nyêkait, sêkuthon mungsuh ...; kc. sêkuthu.
nyêkuthuk: pc. mlaku lsp. mbêngkuk kalawan rêkasa; kc. cêkuthuk.
nyêkodhokake, nyêkodhongake: kn. ak. nêkuk tangan dikurungake; kc. cêkodhok.
nyêkoki: kn. 1 ngombèni jamu (bocah cilik); 2 êngg. nyirami têtanduran; kc. cêkok.
nyêkolahake: kn. nglêbokake ing pamulangan; kc. sêkolah.
nyêkolèhi: n. nyêkantuki k. ak. mikolèhi; kc. sêkolèh.
nyêkot-nyêkot: pc. krasa cêkot-cêkot.
nyêkothèh: pc. ngothèh-ngothèh sêga lsp; kc. cêkothèh.
nyêkothokake: (nyêkothongake pc) kn. nêkuk tangan dikuwungake; kc. cêkothok.
nyêkowak, nyêkowèk, nyêkowik, nyêkowok: pc. awangun kaya kowakan (kowèkan); kc. cêngkowak.
nyêkrap: kn. ak. ngêrok, mbusêk; kc. sêkrap.
nyêkrup: kn. ngêtrapi sêkrup; kc. sêkrup.
nyêkrok: ks. 1 udud; 2 nyêrèt.
nyêla: I ([x] atur) kn. nyêlani gunêm; kc. nyêlani, sêla. II kw: nacad, maoni; kc. cêla.
nyêlag: êngg. kn. nyilih sêdhela, nyêbrak; [x]-i êngg: nyulihi sadhela; kc. sêlag.
nyêlah: I êngg. kn. nyèlèhake; kc. sêlah. II êngg: nyilih; kc. sêlah.
nyêlayani: pc. nyulayani.

nyêlak: I kn. ngirêng alis lsp. nganggo cêlak; kc. cêlak. II (-i) k: nyêdhak(-i);kc. cêdhak, cêlak. III (-i, -akên) k: nyêdhaki(-ake); kc. cêlak, cêndhak. IV kn. ak: nggêlak, ngenggalake; [x]-ake: ngenggalake rampunge; kc. sêlak.
nyêlak-nyêluk: kn. tansah ngundang; kc. cêluk.
nyêlamake: êngg. pc. ngislamake, nêtakake; kc. sêlam.
nyêlandri: kn. awoh mbênêri dudu mangsane.
nyêlani: kn. 1 nêsêli (nêngahi, ngantarani); 2 nêngahi gunêm; kc. sêla.
nyêlang: (-i, -ake) n. nyambut(-i, -akên) k. êngg: nyilih(-i, -ake); kc. sêlang.
nyêlangkung: k. ak. nyêlawe; kc. sêlawe.
nyêlap: êngg. pc. sumêla ing; kc. sêlap.
nyêlapani: kn. nylamêti mbênêri sêlapan dina saka laire; kc. sêlapan.
nyêlathoni: kn. ak. clathu marang; kc. cêlathu, clathu.
nyêlawe: kn. sabên (siji-sijine) 25; kc. sêlawe.
nyêle: I kn. ndhewe (seje karo panunggalane); kc. sêle, sêlèn. II ut. nyêlèi kn: gawe sêle.
nyêlèh: êngg. nyilih.
nyêlèkake: pc. 1 mbiyak (ngêngakake) mata lsp; 2 mêlèhake; kc. cêlèk, sêlèk.
nyêlèt: êngg. kn. nyêbrak, nyilih sadhela; kc. sêlèt.
nyêlêb: k. mêdêl; kc. cêlêb, wêdêl.
nyêlêkake: êngg. nyêlakake; kc. sêlak, sêlêk.
nyêlêki: k. êngg. nyêdhaki; kc. cêlêk, cêdhak.
nyêlênèh: kn. beda karo panunggalane.
nyêlêp: k. mêdêl; kc. cêlêp, wêdêl.
nyêlêr: kn. nyolong nglimpèkake; kc. sêlêr.
nyêlêt: kn. 1 pc. ngênthêt, ora mblakakake; 2 ora nêtêpi janji lsp, murungake gunêm lsp; kc. cêlêt.
nyêling: kn. ndokoki warna lsp. seje-seje; kc. sêlang-sêling.
nyêlir: kn. 1 êngg. milihi wiji; 2 ngêpèk sêlir; kc. sêlir.
nyêlirani: ki. ngawaki; kc. slira.
nyêlub, nyêlup: kn. ngêclup; kc. cêlub.
nyêluk: kn. 1 ngundang; 2 êngg. pc. nyêbut, ngarani; kc. cêluk.
nyêlut: kn. mblêbêt êmas lsp; kc. sêlut.
nyêloh: êngg. nyèlèh.
nyêlomake: kn. njalari cêlom; kc.cêlom.
nyêlot: I êngg. ak. saya, tansah saya; kc. sêlot.
--- 360 ---
II êngg. pc: ngancing; kc. sêlot.
nyêmayani ~ nyêndhang.
nyêmayani: n. nyêmadosi k. ngundurake waktune (kasaguhane); kc. sêmaya.
nyêmak: I êngg. kn. nggêpok, nggrayangi; kc. cêmak. II kn: ngêlim, nganji; kc. sêmak. III kn: 1 mèlu maca; 2 pc. namatake; kc. sêmak. IV [x]-[x] banyune pc: nyêmêk-nyêmêk.
nyêmamêm, nyêmamlêm: pc. mênêng bae ora gunêman.

nyêmantakake: kn. sêmanta marang; kc. sêmanta.
nyêmara: kn. ak. gawe cêmara; kc. cêmara.
nyêmaradana: kn. nêmbang sêmaradana.
nyêmbadani: kn. 1 êngg. nguwati, nyantosani, nêdya nanggulangi; 2 nglêksanani, nuruti; kc. sêmbada.
nyêmbah: kn. ngurmati sarana sêmbah; kc. sêmbah.
nyêmbahyangake: kn. salat (sêmbahyang) amrih kaslamêtaning liyan; kc. sêmbahyang.
nyêmbèrèt: kn. ak. mblèbèk ngênani; kc. sêmbèrèt.
nyêmbèt: pc. nyêmpèt, ngèmbèt; kc. sêmbèt.
nyêmbêlèh: kn. mragat; kc. sêmbêlèh.
nyêmbir-nyêmbir: kn. mêmiringi; kc. sêmbir.
nyêmbuh: kn. nganyarake jarit sing wis lawas (sarana disoga manèh); kc. sêmbuh.
nyêmbulih: (-i) kn. ak. 1 mulihake; 2 ngrêrapu, nglêrêmake; kc. sêmbulih.
nyêmbung: êngg. kn. nyambung; kc. sambung.
nyêmbur: kn. 1 nyêmproti nganggo mamahan jamu lsp; 2 ngêtokake wisa (tmr. ula); kc. sêmbur.
nyêmbrama, nyêmbramani: kw. mbagèkake dhayoh lsp; kc. sêmbrama.
nyêmbranani: kn. 1 ngluconi; 2 njêjaluk lsp. kanthi sêmbranan; kc. sêmbrana.
nyêmbrèt: kn. nyuwèk; kc. sêmbrèt.
nyêmèk-nyêmèk, nyêmêk-nyêmêk: pc. rada ana banyune (duduhe).
nyêmèmrèng: kn. ak. tipis mimring.
nyêmèn: I kn. nglepa lsp. nganggo sêmèn; kc. sêmèn. II [x]-i kn. ak: tuwuh, thukul sêmine; kc. sêmi, sêmèn.
nyêmêmêk: pc. katon ngêmu banyu rêgêd.
nyêmêmêt: êngg. pc. ngoyak-oyak wong wadon.
nyêmênèkake: kn. ak. ngundurake wêktune; kc. sumêne.
nyêmêng: k. 1 ngirêng; 2 êngg. mêdêl; kc. cêmêng.
nyêmêr-nyêmêri: kn. ak. ngrêgêdi; kc. cêmêr.
nyêmêt: êngg. kn. nggèrèt prau lsp; kc. cêmêt.
nyêmêthi, nyêmêthèni: kn. nêmbung(-i) ki: nyabêt(-i) nganggo cêmêthi; kc. cêmêthi.
nyêmir: kn. nggosok nganggo sêmir; kc. sêmir.
nyêmlèk: pc. jêmèk.
nyêmuk: pc. cilik êmpuk (tmr. susu).
nyêmumuh: pc. mênthêng-mênthêng ngêmu nanah; kc. cêmumuh.
nyêmur: kn. olah sêmur; kc. sêmur.
nyêmuwakake: kn. 1 ngramèkake kanthi sêmuwa; 2 êngg. nggêbyagake wayang wong lsp; kc. sêmuwa.
nyêmok: êngg. kn. ndêmok, nggrayangi; kc. cêmok.
nyêmol: êngg. pc. nyêkêl ngrauk (barang kang êmpuk); kc. cêmol.
nyêmomong: pc. katon murub abang; kc. cêmomong.
nyêmoni: kn. mêmiringi, nyêmbir-nyêmbir; kc. sêmu.

nyêmpad: kn. 1 nyêmpèd; 2 nampik. ngêmohi; kc. sêmpad, cêmpad.
nyêmpal: kn. nyoklèk pang; kc. sêmpal.
nyêmpala: kn. nuthukake cêmpala; kc. cêmpala.
nyêmpaluki: kn. nyampahi, madoni, maoni; kc. cêmpaluk.
nyêmpe kèri: pc. bêngak-bêngok (kaya cêmpe kèri).
nyêmpèd: I êngg. kn. njêpèt, ngênêtake, njapit; kc. cêmpèd. II kn: nggêpok sathithik, ngèmbèt, nyêmoni; kc. sêmpèd.
nyêmpèl: kn. nyêmpal; kc. sêmpal.
nyêmpelo: êngg. kn. nyemplo, nyèngklak; kc. cêmpelo.
nyêmpêlak, nyêmplak: êngg. kn. nyêntak; kc. cêmpêlah.
nyêmpil: I êngg. kn. nêmpil; kc. sêmpil. II êngg. kn. ngibing (njanggrung) tlèdhèk.
nyêmpirut: êngg. kn. njêngkêrut; kc. cêmpirut.
nyêmplangake: kn. njalari cêmplang; kc. cêmplang.
nyêmplêk: pc. katon cilik lêmu (bundêr lêmu); kc. cêmplêk.
nyêmpli: pc. cilik bundêr.
nyêmplu, nyêmpluk: pc. katon bundêr lêmu; kc. cêmplu.
nyêmplung: kn. mlêbu ing (sumur lsp); kc. cêmplung.
nyêmplong: êngg. kn. mbolongi, nglêgoki lêmah lsp; kc. cêmplong.
nyêmpuling: kn. namakake cêmpuling.
nyêmpulurake: kn. ak. njalari (agawe) sêmpulur; kc. sêmpulur.
nyêmpurnakake: pc. nyampurnakake; kc. sampurna.
nyêmpurung: kn. ak. nutupi mayit nganggo cêmpurung.
nyêmpolèhi: êngg. kn. nacad, nundhès; kc. cêmpolèh.
nyêmporot: kn. mêtu sumirat; kc. sêmporot.
nyêmpriti: kn. nyasmitani sarana unining sêmpritan; kc. sêmprit.
nyêmprong: kn. 1 ndamoni nganggo sêmprong; 2 matêngake wowohan sarana dipanasi; 3 ak. ngèkêr; 4 ak. maspadakake; kc. sêmprong.
nyêmprot: (-i) kn. nêlêsi lsp. sarana banyu lsp. disêmprotake; kc. sêmprot.
nyêmrut: êngg. kn. lêmbut cilik.
nyêndikani: kn. nyaguhi (muni sêndika).
nyênjata: k. mbêdhil; kc. bêdhil, sênjata.
nyêndhaki: (-ake) n. nyêlaki(-akên) k: agawe luwih cêndhak; kc. cêndhak.
nyêndhal: kn. narik ngêgèt; kc. sêndhal.
nyêndhang: kn. ak. awangun kaya sêndhang.
--- 361 ---
nyêndhêti ~ nyêngit.
nyêndhêti: kn. njalari sêndhêt; kc. sêndhêt.
nyêndhor: kn. nacad kalakuaning liyan; kc. sêndhu.
nyêndhol: pc. nyundhul; kc. sêndhol.
nyêne: pc. katon cêtha; kc. cêne.
nyênèni: I pc. nyrêngêni. II êngg. k: nguyuhi; kc. sêne.
nyênêni: kw. nyoroti, madhangi; kc. sênên.
nyênêng: ak. ngêncêngake urat-urat; kc. cênêng.

nyênêngi: kn. sênêng marang; kc. sênêng.
nyênêpi: kn. njalari sênêp; kc. sênêp.
nyêmuk, nyêno: pc: nyêne, katon cêtha; kc. cênuk.
nyênunggal, nyênunggil: k. pc. niji; kc. siji.
nyêntak: kn. nyênggrang kanthi swara sêru; kc. sêntak.
nyêntana: kn. ngabdi; kc. sêntana.
nyêntèg: kn. ngênêtake (madhêtake) tênunan sarana lira; kc. sêntèg.
nyêntèlèng: kn. ngêdêgake (masang) sêntèlèng.
nyêntil: kn. narik sêntil (ing bêdhil); kc. sêntil.
nyêntug: êngg. kn. tutug ing, kêtug; kc. sêntug.
nyêntor: kn. nggrujug lsp. supaya kèli; kc. sêntor.
nyêntosani: kn. nguwati; kc. sêntosa.
nyêntrong: êngg. kn. nakoni nêdya nyêngkolong; kc. sêntrong.
nyênthang: kn. nyongat dawa; kc. cênthang.
nyênthe-nyênthe: kn. gunêman sêru; kc. cênthe.
nyênthèng: pc. sêru (tmr. swara).
nyênthèt: I [x]-ake pc. 1 manasake, ngglanthang; 2 mêmanas; kc. sênthèt. II kn. ak: njupuki lawe nalikane nênun; kc. sênthèt.
nyênthêk: êngg. kn. luwak.
nyênthêng: kn. ndokoki sênthêng; kc. sênthêng.
nyênthil: pc. katon bundêr cilik.
nyênthing: pc. rada nyongat; kc. cênthing.
nyênthiri: kn. ak. ngilèni, ngêcuri; kc. sênthir, sumênthir.
nyênthilake: êngg. nylingkuhake; kc. sênthit.
nyênthulani: kw. kurang ajar marang; kc. cênthula.
nyênthung: kn. ak. awangun kaya cênthung.
nyênthok: kn. 1 êngg. nggêpok; 2 pc. nglarakake ati (ndumuk wêwadine lsp); kc. cênthok.
nyênthong: kn. ak. mlêbu ing sênthong; [x]-[x]: ngguthêk-ngguthêk dadi sênthong; kc. sênthong.
nyênyêb: kn. ak. nyênyêt, sêpi bangêt.
nyênyêp: I kn. ak. nyênyêt, sêpi bangêt (tanpa swara). II kn. bongkoting panah (kang kaêtrap ing sêndhêng).
nyênyês: kn. ak. 1 anyêp, anyês; 2 sêpi; 3 sarèh nyênêngake (tmr. gunêman lsp); kc. anyês, cês.
nyênyêt: kn. 1 sêpi bangêt (tanpa swara); 2 br. têntrêm bangêt.
nyêng: mak [x] pc. katêranganing njunjung lsp.
nyêngaja: êngg. pc. njarag; kc. sêngaja.
nyênganguk: pc. mak cênganguk.
nyêngap: kn. nyêntak, nggêrtak; kc. sêngap, cêngap.
nyêngar: I kn. nangis mbêngok; kc. cêngar. II ([x] irunge) pc: irunge njêgrag munggah; kc. cêngar.
nyêngarakake:. 1 kw. ngêsotake, nyupatani; 2 ak. mokalake; kc. sêngara.
nyêngèh: pc. katon cêtha (cêdhak) bangêt; kc. cêngèh.
nyêngèk: kn. gêrêng-gêrêng sêsambat; kc. cêngèk.
nyêngèl: pc. katon mêncungul ngegla; kc. cêngèl.

nyêngèni: êngg. nyrêngêni.
nyêngèngès: kn. ngguyu mlêngèh; kc. cêngèngès.
nyêngèr: kn. nangis sêru (bayi lsp); kc. cêngèr.
nyêngès: kn. 1 êngg. mbêbeda (nganggo gêguyon); 2 ak. ngukum sarana dikon nyulihi caos lsp; kc. cêngès.
nyênggaki: kn. giyak-giyak nywara mbarêngi gamêlan; kc. sênggak.
nyênggangake: ki. marasake; kc. sênggang.
nyênggara: kw. ngaruh-aruhi kanthi alus, ngungrum; [x] macan kw: nggêrtak, mêksa; kc. sêngara.
nyênggatani: êngg. k. nyuguh(-i); kc. sênggata.
nyênggèh, nyênggih: êngg. kn. ngira, nyêngguh; kc. sênggèh.
nyêngging: 1 êngg. pc. nyêkêl githok; kc. cêngging. II êngg. kn: nyêrik-nyêrikake, nyiya-nyiya; kc. cênggir.
nyênggir: kn. ak. nyêngging, nyêrik-nyêrikake; kc. cênggir.
nyêngguh: I kn. ngira, ngarani; kc. sêngguh. II êngg. kn: marisake, tumurun; kc. sêngguh.
nyênggur, nyênggor: kn. ngorok, nywara sênggur-sênggur; kc. sênggur.
nyênggut: kn. mangan sukêt (tmr. kêbo, sapi lsp) kc. sênggut.
nyênggoh: êngg. kn. nyêngguh.
nyênggrak: I pc. nyênggrang; kc. sênggrak. II kn: mambu sumêgrak.
nyênggrang: kn. nggêrtak, mêdèni; kc. sênggrang.
nyênggrèk: pc. nyènggèt, nggèthèl; kc. sênggrèk.
nyênggrèng: kn. nggosok rêbab lsp; kc. sênggrèng.
nyênggring: kn. nyênyêrikake, nyiya-nyiya; kc. cênggring.
nyênggruk: I êngg. kn. nyênggrak, sumêgrak. II kn: 1 ngamboni; 2 ngamboni kloroforêm lsp. supaya klêngêr; kc. sênggruk.
nyênggrok: kn. nywara sênggrok-sênggrok (cèlèng lsp).
nyêngik: pc. nyêngèl.
nyêngingak: kn. mulat ngiwa nêngên sêmu kagèt; kc. cêngingak.
nyêngis: pc. katon mringis; kc. cêngis.
nyêngit: kn. 1 (ut. nyênyêngit) ora nyênêngake wujude (têtêmbungane); 2 êngg. mêdhit, gêmi bangêt; 3 (ut. [x]-i) êngg. ora sênêng; 4 êngg. sêngit marang; kc. sêngit.
--- 362 ---
nyêngka ~ nyêpi.
nyêngka: kn. 1 ngaya bangêt ênggone mlaku lsp; 2 kanthi rêkasa; 3 êngg. nyêrèt; [x] tandhing: mungsuh kang ora babag bangêt; kc. sêngka.
nyêngkah: kn. nyodhokake nganggo tangan, nduwa; kc. cêngkah.
nyêngkakake: 1 (ing aluhur) br. ngunggahake pangkat luhur; 2 ngenggalake, ngrikatake; 3 mêksa-mêksa ing sabisa-bisane; kc. sêngka.
nyêngkal: I kn. 1 mbênggang lsp. nganggo cêngkal; 2 pc. ora bêcik tmr. têtêmbungan (pangrakiting ukara lsp); kc. cêngkal. II (ut. [x]-i) êngg. ak: ngukur palêmahan lsp. (nganggo cêngkal); kc. cêngkal.
nyêngkalak: kn. ak. mbêlok tangan ing gêgêr; kc. cêngkalak.

nyêngkalani: êngg. kn. nyirèni taun (sêngkalan); kc. sêngkala.
nyêngkalangi: êngg. kn. ngêtrapi sêngkalang; kc. sêngkalang, cêngkalang.
nyêngkani: kn. miwiti saka; kc. sêngka (sangka).
nyêngkanuk: pc. cêdhak bangêt (katon cêtha).
nyêngkangakên: êngg. k. nyuwêngake; kc. sêngkang, suwêng.
nyêngkangi: I k. nyuwêngi; kc. sêngkang, suwêng. II kn: ngukur nganggo cêngkang; kc. cêngkang.
nyêngkar: kn. tumêngkar, nêngkar; kc. cêngkar, têngkar.
nyêngkarag: pc. njêgrag (tmr. wulu lsp).
nyêngkèk: pc. mêpêk kêndhali; kc. sêngkèk.
nyêngkèng: kn. 1 mbaung (tmr. asu); 2 êngg. pc. nêmbang; kc. cêngkèng.
nyêngkèrèk: pc. ngluncrit kuru (tmr. wit); kc. cêngkèrèk.
nyêngkèwèk, nyêngkèwèng: êngg.pc. nggèrèd, nyèrèd; kc. cêngkèwèk.
nyêngkewok: êngg. pc. ngewuhake.
nyêngkêg: pc. mandhêg mênêng bae; kc. cêngkêg.
nyêngkêlang: êngg. k. nyêngkêlit; kc. cêngkêlang.
nyêngkêli: êngg. kw. nusahi; kc. sêngkêl.
nyêngkêlit: kn. nggawa kêris, arit lsp. dislêmpitake ing bangkèkan; kc. sêngkêlit.
nyêngkênik: pc. nyêkênik.
nyêngkênuk: pc. nyêkênuk.
nyêngkêr: (-i). 1 êngg. mbêthèki mubêng; 2 mligi nyêdhiyani para luhur lsp. (tmr. wowohan lsp); 3 mingit prawan lsp; 4 k. ngurung; kc. sêngkêr.
nyêngkêrêm: kn. nyêkêl (nggêgêm) sarana kuku; kc. cêngkêrêm.
nyêngkêrung: kn. mbêngkuk kaku; kc. cêngkêrung.
nyêngkidhing: pc. nyêkidhing.
nyêngkig: pc. nyêkêl, mèpètake gunêm; kc. cêngkig.
nyêngkili: êngg. ak. njalari sêngkil; kc. sêngkil.
nyêngkir gadhing: br. kuning sêmu putih (kaya cêngkir gadhing, tmr. susu).
nyêngkirig: pc. njêgrag wulune, mêngkirig.
nyêngkiwing: kn. nyangking dicêkêl ing pucuke; kc. cêngkiwing.
nyêngle: pc. nyêngèl.
nyêngklèng: kn. 1 katon cêtha bangêt bedane; 2 pc. kadohên banget dalane (ora nyidhat).
nyêngklik: pc. katon mangklik-mangklik.
nyêngklit: pc. nyêngkêlit.
nyêngkluk: pc. linggih ndhungkluk (nyambut gawe).
nyêngklong: (i) kn. nyuda, ngurangi; kc. cêngklong.
nyêngkud: êngg. ak. nindakake kalawan sêngkud; kc. sêngkud.
nyêngkukruk: pc. nyêkukruk.
nyêngkuwêk: pc. awangun mlêngkung (mbêngkuk, kaya bolongan).
nyêngkuwik: pc. awangun kaya bolongan.

nyêngkolong: kn. mlèsèdake gunêm; kc. cêngkolong.
nyêngkorèk: kn. ngorèk; kc. cêngkorèk.
nyêngkorog: kn. njêgrag wulune, mêngkorog.
nyêngkorongi: kn. nggambar (mêtha lsp) cêngkorongane; kc. cêngkorong.
nyêngkrag: kn. 1 mêpêk (nyêndhal) kêndhali; 2 nyêntak, nggêrtak; kc. nyêngkrag.
nyêngkrèk: kn. ndêdêr bangêt.
nyêngkruk: pc. linggih tumungkul (nyambut gawe lsp).
nyênguk: pc. mandêng mêndongong.
nyênguki: pc. lagi bisa nywara sathithik-sathithik tmr. bocah; kc. cênguk.
nyêngungus, nyêngongos: pc. katon kuru raine aclum; kc. cêngungus.
nyêngungong: kn. nywara tmr. mêrak.
nyêngoh, nyêngongoh: pc. katon sumèlèh cêtha bangêt; kc. cêngoh.
nyêngoli: êngg. pc. namakake têmbung sêngol; kc. sêngol.
nyêngonglong: pc. gulune manglung mêngarêp; kc. cêngonglong.
nyêpadakake: n. nyêpaosakên k. pc. maspadakake; kc. waspada.
nyêpah: I êngg. pc. tuwa; kc. sêpuh, nyêpuh. II kn: ngêpah, mamah disêpah; kc. sêpah.
nyêpak: kn. mapan sumadhiya; [x]-i: nyawisi, nyêdhiyani; kc. cêpak.
nyêpangati: pc. munpangati.
nyêpaplak: pc. klabakan; kc. cêpaplak.
nyêpaplang: pc. saèm. njêpaplang; kc. caplang.
nyêpaplêm, nyêpaplo: pc. mênêng bae (ora mangan, ora gunêman); kc. cêpaplêm.
nyêpasar: n. nyêpêkên k. sabên sêpasar (5 dina); [x]-i: nylamêti bayi (pangantèn) mbênêri sêpasare.
nyêpat: kn. ak. nglèthèk; kc. sêpat.
nyêpatani: n. nyêpaosi k. pc. nyupatani; kc. supata.
nyêpèkake: n. nyêpênakên k. ak. nyuwungake, nyirik; kc. sêpi.
nyêpèl: kn. ngeja tulisan; kc. sêpèl.
nyêpèlèkake: pc. ngrèmèhake; kc. sêpele.
nyêpèpèh: pc. nyêrpèpèh.
nyêpèt: êngg. pc. nyêpit, mipit; kc. cêpèt.
nyêpêkêtake: pc. ngrakêtake pamitran; kc. supêkêt.
nyêpêng: k. nyêkêl; kc. cêkêl, cêpêng.
nyêpêti: kn. njalari sêpêt; kc. sêpêt.
nyêpi: kn. (nyêpên k) ak. nênêpi, mênyang papan kang sêpi; kc. sêpi.
--- 363 ---
nyêpir ~ nyêtrèkake.
nyêpir: êngg. pc. nglêbokake ing kunjara; kc. sêpir.
nyêpira: n. nyêpintên k. siji-sijine pira; kc. sêpira.
nyêpisan: kn. (nyêpindhah k. ak) sabên (siji-sijine) sêpisan.
nyêpit: kn. njêpit; kc. cêpit.
nyêpiti: êngg. 1 nyêmbêlèh; 2 nêtaki; kc. sêpit.
nyêplèk: pc. nyablèk; kc. cêplèk.

nyêplès: pc. saèm. nyablèk; kc. cêplès.
nyêplingake: pc. nyopot; kc. cêpling.
nyêpluk, nyêplus: pc. mangan apa-apa kang muni mak cêplus; kc. cêplus.
nyêplok: kn. nggorèng êndhog (didadar); kc. cêplok.
nyêplong: pc. bolong butul; kc. cêplong.
nyêplosake: pc. nêrangake têrus têrang; kc. cêplos.
nyêpuh: I kn. 1 ak. tuwa; 2 tumuwa; [x]-i kn. 1 ngatosake arit lsp. sarana dilapis ing waja; 2 ak. njênu; kc. sêpuh.
nyêpuk: kn. awangun kaya cêpukan (mlênthu bundêr); kc. cêpuk.
nyêpuluh: n. nyêdasa k. sabên (siji-sijine) sêpuluh.
nyêpur: kn. nunggang sêpur; kc. sêpur.
nyêpuri: kn. ngubêngi pagêr bata; kc. cêpuri.
nyêpol, nyêprol: êngg. kn. nyopot, ndudut supaya cêpol; kc. cêpol.
nyêpot: êngg. pc. nyopot; kc. cêpot.
nyêprok: kn. katon gêdhe (tmr. irung).
nyêprot: I pc. nyublêsake ing; kc. cêprot. II pc: 1 bêdhah (suwèk lsp) isine mêtu; 2 (ut. [x]-ake) nglairake; kc. cêprot.
nyêptani: k. ak. ndoyani; kc. sêpta, doyan.
nyêrahi, nyêrahake: kw. masrahi, masrahake; kc. srah.
nyêrak: (-i) I êngg. nyêdhak(-i); kc. cêrak. II [x]-i kn: njalari sêrak; kc. sêrak.
nyêrang: kn. ak. nrajang, nêmpuh, nêrus; kc. sêrang.
nyêrapi: I k. nyurupi; kc. surup. II êngg. kn. ngusapi; sêrap.
nyêrat: k. 1 nulis; 2 mbathik; kc. sêrat.
nyêrbaki: êngg. pc. ora tampikan, apa-apa arêp; kc. cêrbak.
nyêrbani: kn. ak. ngênggoni sêrban.
nyêrbèti: pc. ngêlapi lsp. nganggo sêrbèt; kc. sêrbèt.
nyêrjoni: kn. ak. ngrujuki, nayogyani, sênêng marang; kc. sêrju.
nyêrèt: n. (ngê-)sês k. udud candu; kc. sêrèt.
nyêrêg: kn. 1 êngg. ngujêg; 2 nusu-nusu; 3 êngg. akon enggal, nggiri-nggiri; 4 ([x] prakara) ngêlahake; kc. sêrêg.
nyêrêki: êngg. ak. nyêdhaki; kc. cêrêk.
nyêrêng: kn. ak. 1 nyrêmpêng, ngêpêng; 2 nêpsoni; kc. sêrêng.
nyêrêpi: k. nyurupi; kc. sêrêp, surup.
nyêrêt: kn. mutêr lsp. supaya sêrêt; kc. sêrêt.
nyêrikake: kn. marakake sêrik; kc. sêrik.
nyêri-nyêri: kn. ak. ora sudi bangêt, êmoh bangêt; kc. cêri.
nyêriti: kn. njungkati nganggo sêrit; kc. sêrit.
nyêrkakah, nyêrkèkèh: pc. njênggar rowa (tmr. pang lsp).
nyêrmèmèh: pc. katon tipis (tmr. pasêmoning praèn).
nyêrmumuh: kn. ngêmu nanah (tmr. gudhig lsp); kc. cêrmumuh.
nyêrmomong: kn. katon mêngangah murub (abang); kc. cêrmomong.
nyêrngèngèh: I pc. nyêngèh. II nyêrngèngès, nyêrngingis pc: katon mrèngès (mringis).
nyêrngungus: kn. katon kuru acum.
nyêrngongos: pc. lambene cupêt untune mrèngès mêtu.

nyêru: kn. nyrêmpêng, ngêpêng; kc. sêru.
nyêrung: kn. 1 ndokoki ri ing wit krambil; 2 êngg. pc. nutup, nyumpêt, mingit; kc. sêrung.
nyêrod: êngg. kn. ngoyak; kc. sêrod.
nyêrogake: kn. ak. nyèlèhake; kc. sêrok.
nyêroni: kn. ngundhaki sêrune; kc. sêru.
nyêrot: kn. nêsêp; kc. sêrot.
nyêrpèpèh: kn. ak. linggih tumungkul mlêpês.
nyêrtani: kw. ngancani, mbarêngi; kc. sêrta.
nyêrtu: kn. ak. ngêmohi, wis êmoh lêlawanan; kc. sêrtu.
nyêrwètèh: pc. anèh bangêt (beda bangêt karo kang lumrah).
nyêrwênêg: êngg. ngênêg-ênêgi, jênês.
nyês: mak [x] pc. mak cês (anyêp); kc. anyês, cês.
(nyêt): di-[x] pc. diwênyêt.
nyêta: ki. pc. nyêkêl; kc. ngasta, asta.
nyêtani: I k. pc. ngarani; kc. wasta, wêsta. II k. ak: ndoyani; kc. sêpta.
nyêtaun: kn. 1 sabên sataun; 2 (ut. nyêtauni) nylamêti wong mati mbênêri sataun saka gêblage.
nyêtegrap: kn. kirim kabar sarana têlegram; kc. sêtegrap.
nyêtèl: kn. nggathuk-gathukake (ngêtrap) mêsin lsp; kc. sêtèl.
nyêtèm: kn. 1 milih sarana sêtèm; 2 nglaras; kc. sêtèm.
nyêtèmpêl: kn. ngêcap nganggo sêtèmpêl.
nyêtiyarake: kn. nggolèkake srana lsp; kc. sêtiyar.
nyêtik: kn. ndondomi sêtik; kc. sêtik.
nyêtilahi: kn. ak. mituturi, awèh sêtilah; kc. sêtilah.
nyêtip: kn. mbusêk tulisan nganggo karèt; kc. sêtip.
nyêtir: kn. nglakokake montor; kc. sêtir.
nyêtitèkake: kn. namatake; kc. sêtiti.
nyêtlika: kc. mbêsut klambi lsp. nganggo sêtrika; kc. sêtlika.
nyêtum: pc. nggiling madhêtake dalan; kc. sêtum(-walês).
nyêtunggal: (nyêtunggil ak) k: niji; kc. siji.
nyêtup: kn. olah sêtup; kc. sêtup.
nyêtut: pc. bisa nututi; kc. sêtut.
nyêtop: pc. ngêndhêgake; kc. sêtop.
nyêtorake: pc. mbayarake, masokake; kc. sêtor.
nyêtrap: kn. ngukum; kc. sêtrap.
nyêtrèk: êngg. kn. nggèrèd kayu; kc. sêtrèk.
nyêtrèkake: êngg. ak. mbuwang ing kuburan lsp. supaya kêpanjingan lêlêmbut.
--- 364 ---
nyêtrika - nyimpar
nyêtrika: kn. mbêsut klambi lsp. nganggo sêtrika; kc. sêtrika
nyêtha: kn. ak. 1. nêtêpake, mêsthèkake, 2. mahyakake ing; nyêthakake; nêrangake nganti cêtha; kc. cêtha.
nyêthak, nyêthêk: kn. pait bangêt; kc. cêthak.
nyêthathêm: pc. nyêmamlêm, nyêpaplêm.

nyêthèti: kn. gawe swara srana driji nyasmitani marang kewan lsp; kc. cêthèt.
nyêthêthêk: pc. mênêng bae mêrga kadhêmên bangêt
nyêthikake gêni: êngg. ak. dadèn gêni; kc. cêthik
nyêthil: êngg, kn. nyopot untu; kc. cêthil.
nyêthut: (-i) kn. 1. mbubuti wuli pari; 2. pc. nêkuki athik-athikan tangan; kc. cêthut
nyêthuthuk: pc. kurang sigrak
nyêthuthur: pc. linggih ora obah-obah
nyêthuthut: pc. katon pêtêng ulate; kc. cêthuthut
nyêthot: (-i) kn. muliri pupu; kc. cêthot
nyêwèk: êngg. kn. nyuwèk; kc. suwèk
nyêwêngakên: êngg. k. nyuwungake; kc. sêwêng, suwung
nyi: kn. nyai
nyibari: kn. marêmi sibar ing dhadha; kc. sibar
nyibini, nyibingi: kn. ngêpèl (ngêlapi) nganggo gombal têlês; kc. sibin
nyiblok: êngg. pc. tiba; kc. ciblok
nyibuk: êngg. kn. nyidhuk; kc. cibuk
nyibur: kn. ak. nyêmplung ing banyu; kc. cibur
nyibratake: kn. ak. nyebratake; kc. sebrat
nyidakake: n. nyiyosakên, ngèstokakên k. nêrusake têmênan (nganti kalakon têmênan); kc. sida
nyidikake: pc. nliti, mriksa; kc. sidik.
nyidikara: kw. ndongani; kc. sidikara.
nyidra: kn. ak. matèni sarana laku cidra; [x] asmara br: ndhêmêni; nyidrani: 1. ora nuhoni; 2. nêmpuh (matèni lsp) kalawan laku cidra; kc. cidra.
nyidhakêpake: kn. nata tangan supaya sidhakêp.
nyidham: kn. kumudu (kêpengin bangêt) mangan woh-wohan lsp (tmr. wong mêtêng); kc. idham, ngidham.
nyidhang: kn. ak. maro mojok; kc. sidhang
nyidhat: kn. mêtu ing dalan kang cêdhak; kc. sidhat.
nyidhêkahake: êngg. kn. nganggo sidhêkah kc. sidhêkah.
nyidhêm: kn. ak. ora ngandhakake (mahyakake) marang sapa-sapa; kc. sidhêm.
nyidhêm prêmanêm: kn. ak. ora ngandhakake marang sapa-sapa.
nyidhêp: kn. ak. nyêngguh, nyana; kc. sidhêp.
nyidhuk: kn. njupuk nganggo cidhuk; kc. cidhuk.
nyidhumi: kn. ak. ngèyubi; kc. sidhum.
nyigar: kn. mbêlah, mêcah dadi loro; kc. sigar.
nyigèni: kn. ak. nyujanani; kc. sigi.
nyigêg: kn. mêdhot crita lsp; kc. sigêg.
nyiglig: pc. katon dumunung ing papan kang dhuwur.
nyihi: kn. ak. ngasihi, ngêsihi; kc. sih.
nyiya-nyiya: kn. ak. ambêk siya marang, nyênyênggring; kc. siya.
nyiyagani: kw. nyêdhiyani, mrantèni; kc. siyaga.
nyiyak: pc. mangan, njupuk, ngarêpi.

nyiyangi: k. ngawani.
nyiyasat: kn. ak. milara; kc. siyasat.
nyiyèt: pc. nyêkêl (nungkêp) maling lsp; kc. ciyèt.
nyiyum: kw. ngambung; kc. ciyum.
nyiyuti: kn. muwuhi ciyute; kc. ciyut.
nyiyosakên: k. nyidakake.
nyikakake: pc. nundhung (akon lunga); kc. sikak.
nyikal: kn. ak. ana turahane; kc. cikal.
nyikang: êngg. kn. nyênggrang; kc. sikang.
nyikar: êngg. kn. momot (nunggang) cikar.
nyikara: (nyikantên engg. k.). ngganggu gawe, milarani lsp; kc. sikara.
nyikat: kn. ngrêsiki: lsp. nganggo sikat; kc. sikat.
nyikêp: kn. ngrukêt tangane dirangkulake; kc. sikêp.
nyiklu, nyikru, nyikruk: kn. 1. linggih tumungkul; 2. nyrêmpêng tumandang ing gawe; kc. ciklu.
nyiklu: I. kn. ak. mada, maoni; kc. siku. II. kn: 1. ngukur nganggo siku; 2. awangun pojok; kc. siku, sikon.
nyikut: kn. nyodhog lsp. nganggo sikut; kc. sikut.
nyilakake: kn. nisihake; mbukak klambu lsp; kc. silak.
nyilakani: kn. marakake cilaka.
nyilakrama: kw. takon kanthi urmat; kc. silakrama.
nyilang: êngg. pc. nyilih; kc. silang.
nyilêm: kn. amblês ing banyu; kc. silêm.
nyilêpake: kn. 1. mblêdhêsake ing banyu; 2. njalari kêsilêp; kc. silêp.
nyilibake: kn. ak. ndêlikake, nylingkuhake; kc. silib.
nyilih: n nyambut k. nganggo darbèking liyan sawêtara mangsa; kc. silih.
nyilih mata: pc. ora nyipati dhewe.
nyilikake: n. ngalitakên k. ndadèkake cilik; nyiliki ati; njalari miris (wêdi); kc. cilik.
nyilir: (-i) êngg. kn. ngilingi; kc. silir.
nyilir-nyilirake: kn. ngisis, ngangin-anginake; kc. silir.
nyilit: ks. njindik; kc. silit.
nyil-nyilan: pc. sarwa kênès solah tingkahe.
nyilum: kn. ak. nyilêm; kc. cilam-cilum.
nyiluman: kn. ak. ar. lêlêmbut; kc. siluman
nyimak: kn. nyêmak; kc. simak
nyimbat: êngg. kn. 1. njaluk (nyilih) sathithik; 2. ngrewangi nandangi (nggêgarap); kc. simbat
nyimbing-nyimbing: êngg. kn. 1. ngiling-ilingi, niling-niling; 2. nyasmitani; kc. simbing
nyimik-nyimik, nyimit-nyimit: pc. mung sathithik
nyimpang: kn. nisih, sumingkir; kc. simpang
nyimpar: I. engg. ak. nyimpang; kc. simpar II. pc: nyampar; kc. simpar
--- 365 ---
nyimpe ~ nylagangangke[1]
nyimpe: êngg. kn. nglimpe; kc. simpe

nyimpên: (-i) kn. ngrumati, ndhêlikake, nutup (wadi); kc. simpên
nyimpar: kn. ak. ngetung nganggo kêthekan; kc. simpir.
nyimplêk: êngg. kn. nyengklak, nyemplo; kc. cimplêk
nyina: êngg. kn. cihna
nyinau: kn. ak. 1. mulang; 2. nggêgulang (sinau) supaya bisa, ajar; kc. sinau
nyindik: (-i) kn. ngêncêngake lsp. nganggo sindik; kc. sindik
nyindikake: pc. nyindikake, nyatakake; kc. sindik
nyindikara: kw. nyindikake, nyatakake, mriksa; kc. sindikara
nyindir: (-i) êngg. nyêmoni (sarana têtêmbangan) kc. sindir
nyindur: êngg. kn. njogèd marani tlèdhèk; kc. sindur.
nyindhèni: kn. nêmbang mbarêngi gamêlan; kc. sindhèn
nyindhêt: kn. nalèni mbrêndhil; kc. sindhêt.
nyindhil: pc manak: kc. cindhil
nyinêp: êngg. ak. nyidhêm; kc. sinêp
nyinungi: kw. mènèhi; kc. sinung.
nyintên: êngg. k. nyina
nyinthir: (ake) pc. mutêr kc. sênthir
nyinyih: (-ên) pc. nyènyèh (-ên)
nyinyir: kn. ak . 1. nggajih; 2. êmpuk bangêt; 3. pc. gampang bangêt; kc. anyir
nying: mak pc. mak nyêng
nyingèk: êngg. kn. 1. ngêsok(-ake); 2. ks. nyanggama; kc. singèk
nyingèni: êngg. kn. ngundang, ngajak; kc. singi
nyingêbi: ki . ngêmuli; kc. singêb
nyingêdake: êngg. kw. nyingidake; kc. singêd
nyingêli: k. ak. ngikêti; kc. singêl, ikêt.
nyinggahi: kn. ak. nyingkiri; nyinggahake: nyimpên; kc. singgah.
nyinggati: kn. marut mujur; kc. singgat.
nyinggêt: kn. 1. nggothèk (sarana singgêtan); 2. êngg. nggêmèni, mancêt; kc. singgêt.
nyingguli: kn. ak. ngusari singgul ing kuping lsp; kc. singgul.
nyingi: kn. ak. nyithak logam; kc. singi
nyingid: (-ake) êngg. ak. ndhêlik (-ake); kc. singid.
nyingir: (-i) kn. nembang mbarêngi dikir lsp; kc. singir
nyingir-nyingirake: pc. ngajokake (ngangapake) cangkêm; kc. cingir.
nyingkab: kn. ak. ngungkabi, mbiyak; kc. singkab.
nyingkang-nyingkang: êngg. kn. nundhung-nundhung akon lunga; kc. singkang.
nyingkèk: êngg. pc. mburuh ngêdolake lsp. marang juragan; kc. singkèk.
nyingkir: kn. ak. nyimpang, sumingkir; [x]-i. nyimpangi, nglungani; kc. singkir.
nyingklak: pc. nyengklak; kc. cingklak
nyingkluk: pc. ngêmis; kc. cingkluk.
nyingkur: kn. ngungkurake, ora ngajak rêmbugan; kc. singkur.
nyingkrihake, nyingkirake: engg. nyingkirake; kc. singkrèh.

nyinglari: kn. ak. nglungani, nyingkiri, ngoncati; kc. singlar.
nyingluri: n. kn. ngijoli, ngllironi; kc. singlur.
nyipat: I. kn. ngincêngake ngênêr ing; kc. sipat. II. [x]-i kn. ak: mêruhi dhewe; kc. sipat. III. kn. ak. ngusari tamba ing mata; kc. sipat.
nyipêng: kn. nginêp; kc. sipêng, inêp.
nyipir: kn. ngetung; kc. sipir.
nyiplês: pc. nggitês, mijêt; kc. ciplês.
nyiprat: kn. muncrat ngênani (tmr. banyu lsp.); kc. ciprat.
nyipta: kn. 1. nggantha ing pangangên-angên; 2. kw. nganakake apa-apa sarana cipta; kc. cipta.
nyir: I. mak pc. krasa kuwatir (sumêlang) II. pc. anyir
nyiram: (-i) kn: ngêsokake banyu lsp. ing; kc. siram.
nyirap: kn. ngêtrapi sirap; kc. sirap.
nyirati: kn. 1. engg. nyirami; (nyiprati; kc. sirat)
nyirèni: kn. ndokoki ciri, nitèni; kc. ciri
nyirêp: kn. nglêrêmake, matèni gêni lsp; kc. sirêp.
nyirig: kn. mlaku sêmu lincak-lincak; kc. sirig.
nyirik: I. êngg. kn. narik mênangan; kc. sirik. II. kn. engg.1. nyingkiri; 2. ngêngurangi êmoh mangan lsp; kc. sirik.
nyiring: êngg. kn. ngêmot; kc. siring.
nyirnakake: kw. ngilangake, ngrusak; kc. sirna.
nyirnani: êngg. kn. ngluwari; kc. sirna.
nyiru: I (ut. nyiruk) êngg. pc. nyidhuk; kc. siru, ciruk. II. êngg. kn. tambir, tampah.
nyita, nyitah: êngg. kn. 1. nggugat; 2. mbêskup (mbêslah) banjur dilelangake; kc. sita.
nyitra: kw. nulis; kc. citra.
nyithak: kn. 1. mangun sarana pêsaton lsp.; 2. êngg. ngrimbag bata; .3. êngg. gawe sawah; 4. êngg. ngêcap; kc. cithak.
nyitho: pc. micakake mata kinjêng lsp.; kc. cito
nyiwah: kw. nyimpang; kc. simpang.
nyiwêl: kn. saèm nyêthot; kc. ciwêl.
nyiwêr: kn. 1. êngg. nyêngkêr, mijèkake; 2. mbêskup, mbêslah. kc. siwêr.
(nyiwi): nyênyiwi kw. ngurmati, nyungga-nyungga; kc. siwi.
nyiwil: kn. ak. siwil drijine; kc. siwil.
nyiwing: êngg. kn. njèwèr; kc. ciwing.
nyiwir: êngg. kn. nyuwir; kc. siwir.
nyiwit: êngg. kn. njiwit; kc. jiwit.
(nyiwo): nyênyiwo, nyiwoni êngg. kw. 1. mbêbeda, ngganggu gawe; 2. ngregoni; kc. siwo.
nylabarake: êngg. 1. ngandhani, ngandhakake; 2. nglantarake; kc. slabar.
nyladhang: kn. sumladhang; kc. sladhang.
nylagangangke,[2] nylagrangake: kn. nyèlèhake ing dhuwur malang; kc. slagang, slagrang.
--- 366 ---

nylakupake ~ nylulupake.
nylakupake: kn. nlakupake; kc. slakup.
nylalêng: êngg. kn. sêpi bangêt, nyênyêt; kc. cêlêng.
nylamburi: êngg. kn. nyampuri; kc. slambur.
nylambrang: kn. ak. nglambrang.
nylamur: kn. nglêlali susah lsp; kc. slamur.
nylandri: kn. nyêlandri.
nylangap: kn. ak. mênga amba; kc. clangap.
nylanggapi, nylanggati: kn. ak. ngajak gunêman; kc. slanggap.
nylangkrak-nylangkrak: kn. linggih ing papan kang dhuwur (murang tata).
nylao: êngg. kn. anèh, nganèh-anèhi.
nylaraki: êngg. kn. ngêtrap slarak; kc. slarak.
nylasah: kn. ak. mriksa mrana-mrana; kc. slasah.
nylasak: kn. mblasak, nasak; kc. slasak.
nylathoni: n. micantêni k. ak. clathu marang; kc. clathu.
nylawak: êngg. kn. lêgok nggalur.
nylawati: kn. 1 mènèhi slawat; 2 slawatan ing; kc. slawat.
nylebraki: kn. ngêtrapi slebrak; kc. slebrak.
nylembatake: kn. ak. nglembatake; kc. slembat.
nylempangake: kn. ngalungake kaya slempang; kc. slempang.
nylèndêr: kn. madhêtake dalan lsp. sarana slèndêr; kc. slèdêr.
nylendhokake: êngg. kn. ngalungake; kc. slendho.
nylèntrèng: pc. mung sadhela ut. sagêbyaran; kc. clèntrèng.
nylènthak: êngg. kn. mengkal; kc. clènthak.
nylèngkrang, nylèngkrèng: pc. mêthèngkrèng; kc. slèngkrang.
nylèpèr: pc. cèpèr.
nylèprèt: pc. nyaprat.
nylèrèt: kn. ak. sumorot sagêbyaran; kc. clèrèt.
nylerongi: kn. ngrêgêdi, nyorèngi; kc. clerong.
nylewah, nylewar, nylèwèr: kn. ak. pêthal, nasar, kliru dalane; kc. slewar.
nylèwèng: kn. mèncèng ênêre (lakune), ora pênêr; kc. slèwèng.
nyêkanthuk: pc. awangun kaya canthuk; kc. cêkanthuk.
nylêkathêm: pc. mingkêm, ngingkêmi, ngêmplok; kc. cêkathêm.
nylêkèthongake: pc. 1 nêkuk ugêl-ugêl tangan; 2 mutêr; kc. cêkènthong.
nylêkêdhung: pc. lêgok kuwung; kc. cêkêdhung.
nylêkit: pc. 1 nyakot, nggigit; 2 nyêrikake (tmr. têtêmbungan); kc. clêkit.
nylêkithik: pc. njlêkèthèk.
nylèkunthêng: pc. awangun ukêl-ukêlan; kc. cêkunthêng.
nylêkuthak: kn. ak. nyêkuthak.
nylêkuthis: pc. katon kuru pucêt (mlarat bangêt); kc. cêkuthis.
nylêlêng: pc. mlêlêng, mandêng; kc. clêlêng.
nylêlêpake: êngg. pc. nyilêpake ing banyu; kc. slêlêp.
nylêlêr: pc. dhêdhêmitan tanpa sabawa; kc. clêlêr.

nylêmik: pc. gunêman lirih; kc. clêmik.
nylêmut: êngg. pc. njupuk rêrikatan tanpa kandha; kc. clêmut.
nylêmong: pc. gunêman tanpa têgês; kc. clêmong.
nylêmpèdi: êngg. kn. nylêmpiti; kc. slêmpèd.
nylêmpit: kn. ak. sumlêmpit; [x]-i, [x]-ake: nlêsêpake ing; kc. slêmpit.
nylêmpung: kn. nabuh clêmpung.
nylêndêpi: pc. nyublêsi, nlêsêpi; kc. slêndêp.
nylênèh: kn. ora padha karo panunggalane.
nylênthêm: I pc. njupuk tanpa nêmbung; kc. slênthêm. II êngg. pc: nabuh slênthêm (dêmung).
nylênthêr:pc. 1 lunga tanpa pamitan; 2 nyolong, ngutil.
nylênthik: kn. namakake driji sarana ditêkuk banjur dijêpatake; kc. slênthik.
nylêngkêr: pc. ngruwêl, nglêngkêr; kc. clêngkêr.
nylêpêki: kn. ak. njalari kêslêpêk; kc. slêpêk.
nylês: mak [x] pc. mak cês.
nylêsêp: pc. nlêsêp; kc. slêsêp.
nylibik: êngg. kn. nêmpuh lsp. ngêgèt, nyidrani, ngapusi; kc. slibik.
nylibuki:(-ake) kn. mayokake dhuwit palsu lsp; kc. slibuk.
nyligi: kn. ak. namakake sligi; kc. sligi.
nylikuri: êngg. kn. ngêtrapi slikur; kc. slikur.
nylilèni, nylilèkake: pc. njalari kêwirangan; kc. clili.
nyliliti: kn. njalari kêslilitên; kc. slilit.
nylimur: kn. ak. nylamur; kc. slimur.
nylimpangake: pc. nylempangake.
nylimpe: êngg. kn. nglimpe; kc. slimpe.
nylimpêt: kn. lunga (sumingkir) ndhêlik; kc. slimpêt.
nylinthus: pc. lunga ngglêlêr.
nylinthut: kn. ndhêlik; [x]-ake: ngumpêtake; kc. clinthut.
nylingkêrake: kn. ngenggokake;kc. slingkêr.
nylingkuhake: kn. nganggo dhuwit lsp. kang dudu darbèke; kc. slingkuh.
nylingkrik: pc. mêncolot munggah nuli linggih; kc. clingkrik.
nylingkring: êngg. pc. kuru bangêt, dawa tipis.
nylingup: pc. katon ciyut.
nylirani: ki. ngawaki; kc. slira.
nylisipake: êngg. kn. nglêbokake (ndhêlikake); kc. slisip.
nyliwing: êngg. kn. mèncèng, nylèwèng; kc. sliwing.
nylubukake: êngg. pc. nylibukake; kc. slubuk.
nyludhah: kn. ak. nguja pangan; kc. sludhah.
nylulu: kn. rada kêwirangan; kc. clulu.
nylulupake: kn. nyilêpake ing banyu; nylulupi: nyilêmi; kc. slulup.
--- 367 ---
nylumbat(-i) ~ nyulayani.
nylumbat:(-i) kn. ngilangi sêpêting krambil nganggo slumbat; kc. slumbat.
nylundêpi: kn. ak. nyublêsi; kc. slundêp.

nylundupake: kn. nyoblosake (dom), nglêbokake bolah ing bolongan dom; kc. slundup.
nylundhingi: êngg. kn. ngganti, mbanjêl; kc. slundhing.
nylunthang: kn. ak. kurang ajar; kc. clunthangan.
nylungsumi: êngg. kn. nyulami payon lsp; kc. slungsum.
nyluring: pc. ciyut lan kuru (tmr. rai).
nylurut: pc. lunga (mlayu) rêrikatan; kc. clurut.
nylusur: êngg. pc. nlusur; kc. slusur.
nyluthu: pc. mlêbu tanpa tatakrama; kc. sluthu.
nyluwag: kn. ak. pating blangkrèh, ora tata, kasar; kc. sluwag.
nyluwêk: pc. ngêruki, nyluwêk; kc. cluwêk.
nyluwêng: I kn. ak. katon jêro (bolong) ora ana isine. II [x]-ake kn. ngubêngake gunêm lsp; kc. cluwêng.
nyluwêrake: pc. ngubêngake (ngubêdake) têtêmbungan lsp.
nyloboki:(-ake) kn. mlêbu (nglêbokake) ing bolongan (lêngênan tangan lsp); kc. slobok.
nylodho: kn. murang tata; kc. slodho.
nylogrongake: pc. ngenggalake gêdhe; kc. slogrong.
nylokakake: kw. maribasakake; nylokani kw: maribasani; kc. sloka.
nylolo: kn. lunga mrana-mrana; kc. clola-clolo.
nylomod: kn. nyunyuk ing gêni; kc. slomod.
nylomprèt: kn. ngunèkake slomprèt.
nylonjorake: kn. (linggih) nggêjojorake sikil; kc. slonjor.
nylondhoh: (-i) kn. ngakoni kaluputane, ngandhap-asori; kc. slondhoh.
nylondhokake: kn. ak. nylorokake timangan lsp; kc. slodhok.
nylonèh: pc. warna-warna campuran; [x]-i: ngrêgêdi; kc. clonèh.
nylonong: kn. dêksura, kurang tatakrama; kc. slonong.
nylorèngi: kn. nyorèngi, nggambari nganggo clorèngan; kc. clorèng.
nyloroki: êngg. kn. ngêtrapi slorok, ngancing nganggo slorok; kc. slorok.
nylorot: kn. lumêpas bantêr (mawa sorot); kc. clorot.
nyu: kw. krambil.
nyuba-nyuba: kn. ngurmati bangêt; kc. suba.
nyubak: (-i) êngg. kn. cukup, nyukupi; kc. cubak.
nyubal: (-i) kn. ndokoki subal, nyampuri; kc. subal.
nyublak: (-i) ak. nyublêk(-i) pc. nyoblosi, nyoblos lan nyuthiki; kc. cublak.
nyublês: (-i) kn. nyoblos(-i); kc. cublês.
nyublik: (-i) kn. 1 nyublêki, nyublaki; 2 ak. nacar; 3 nyupliki; kc. cublik.
nyubung: pc. ngêcubung; kc. cubung, kêcubung.
nyuda: kn. ngurangi, ngêlongi; kc. suda.
nyudagar: kn. nindakake pakaryan sudagar; kc. sudagar.
nyudara: (-wèdi) kn. ak. kaya sêdulur (mitra kang bêcik); kc. sudara.
nyudèni: pc. sudi marang, gêlêm; kc. sudi.
nyuduk: kn. namakake gêgaman landhêp (kêris lsp); kc. suduk.
nyujanani: kn. ak. sujana marang; kc. sujana.

nyudhah: êngg. ak. ndhudhah; kc. sudhah.
nyudhang: kn. mbijig nganggo sungu; kc. sudhang.
nyudhat: êngg. kn. nyudhèt; kc. sudhat.
nyudhèt: kn. 1 mbêdhah sarana dicublês; 2 mbêdhah kali lsp. disimpangake; kc. sudhèt.
nyudhing: (-i) êngg. kn. nudingi; kc. cudhing.
nyudhung: pc. gawe sudhung, manggon ing; kc. sudhung.
nyugag: êngg. kn. njugag, nyuthêl (crita lsp); kc. cugag.
nyugali: kn. ak. ngucapake têmbung sugal marang; kc. sugal.
nyugata, nyugatani: kw. (êngg. k): nyuguh, nyuguhi; kc. sugata.
nyugihi: kn. njalari sugih; kc. sugih.
nyuguh: n. nyêgah k. mènèhi panganan lsp. marang dhayoh; kc. suguh.
nyugoni: êngg. ak. nggosok nganggo sugu; kc. sugu.
nyuhun: I êngg. ak. nyuwun, njaluk. II [x]-[x] ki: ngaji-aji; kc. suhun.
nyukakakên: k. mènèhakake.[3]
nyukani: 1 k. mènèhi; 2 kn. ak. nglilani; kc. suka, wèwèh.
nyukêngi: kn. ngukuhi êmoh mènèhake; kc. cukêng.
nyukêri: kn. 1 ak. ngrêgêdi; 2 êngg. njalari susah;[4] kc. sukêr.
nyukêrta, nyukêrtani: kw. ngrigoni, ngalang-alangi; kc. sukêrta.
nyuki: I kn. gawe lêgokan ing kasur; kc. cuki. II kn. ak: mancêd pangan; kc. cuki.
nyukil: (-i) kn. 1 mêtokake (nyuthik, nglèthèk) apa-apa kang krakêt ut. kang dumunung ing jêro; 2 pc. ngêlong sathithik (tmr. pakarangan lsp); 3 ak. mêthik, nyuplik (buku lsp); kc. cukil.
nyukit: kn. 1 migunakake cukit; 2 pc. nyêrèt; kc. cukit.
nyuklaki: êngg. kn. nandja, gawe cluwokan kang arêp ditanduri; kc. cuklak.
nyukma, nyukmana: kw. rumasuk ing; kc. sukma.
nyuku: kn. nyandhangi suku; kc. suku.
nyukup: n. nyêkap k. nyawisi lsp.supaya cukup; kc. cukup.
nyukur: kn. marasi ki. ngrêsiki rambut nganggo lading; kc. cukur.
nyukurake: kn. ak. ngucap sukur (matur nuwun marang Allah); kc. sukur.
nyulah: kw. ngêthok lan nanjir êndhas; kc. sulah.
nyulayani: kn. sulaya karo; kc. sulaya.
--- 368 ---
nyulaki ~ nyungging.
nyulaki: kn. ngrêsiki nganggo sulak; kc. sulak.
nyulami: kn. ngganti kang wis lawas diganti anyar; kc. sulam.
nyulantêni: êngg. k. nyulayani.
nyulangake: kn. ak. ngandharake, nêrangake; kc. sulang.
nyulap: kn. gawe kaelokan sarana kaprigêlan; kc. sulap.
nyulêd: kn. nyumêd; kc. sulêd.
nyulêk: kn. nyolok (mata); kc. culêk.
nyulêng: pc. mênthêlêng lêgok (tmr. mata); kc. culêng.
nyulihi: kn. nggênti, mbanjêl, makili; kc. sulih.

nyulik: kn. nyidhuk sathithik arêp nyumurupi matêng lan orane; 2 pc. nyoba, ngicipi, ndadar; kc. culik.
nyulikani: kn. ak. nyolong; kc. culika.
nyuling: kn. ngunèkake suling; kc. suling.
nyuluh: (-i) êngg. ak. 1 nyoloki, madhangi; 2 golèk iwak, manuk lsp; 3 (ut. [x]-[x]) golèk katêrangan; kc. suluh.
nyuluki: kn. nêmbang suluk ing; kc. suluk.
nyuluri: êngg. ak. nyulihi; kc. sulur.
nyumayani: n. nyumadosi k. ak. nyêmayani; kc. sêmaya.
nyumantakake: kn. sumanta marang; kc. sumanta.
nyumanggakake: kn. masrahake marang (panêmuning liyan); kc. sumangga.
nyumbana: kw. 1 ak. ngambung; 2 nyanggama; kc. cumbana.
nyumbang: kn. 1 ak. mitulungi; 2 manjurung, urun; kc. sumbang.
nyumbari: kn. sêsumbar marang; kc. sumbar.
nyumbati: êngg. kn. nylumbati; kc. sumbat, slumbat.
nyumbêr: êngg. kn. kaya sumbêr, ngêtuk; kc. sumbêr.
nyumbit: êngg. kn. ngundhuh woh nganggo sumbit.
nyumbu: I nyênyumbu kn. ak. nggêgulang manuk lsp. supaya cumbu. II kn. ak: ngobong tatu lsp; kc. sumbu.
nyumbungi: kw. misuwurake; kc. sumbung.
nyumèhi: kn. ak. sumèh marang; kc. sumèh.
nyumêd: kn. ngurubake diyan lsp. sarana dinyunyuk ing gêni; kc. sumêd.
nyumêktani: kn. nyawisake sakabutuhane; kc. sumêkta.
nyumêlangi: kn. mutawatiri, sumêlang marang; kc. sumêlang.
nyumênèkake: kn. ak. ngundur wêktune; kc. sumêne.
nyumêrapi: êngg. k. nyumurupi.
nyumêrêpi: k. 1 nyumurupi; 2 mêruhi; kc. wêruh.
nyumuki: kn. ak. njalari sumuk; kc. sumuk.
nyumur: kn. ak. kaya sumur.
nyumurupi: n. nyumêrêpi k. ak. mêruhi; kc. sumurup.
nyumpah: kn. akon sumpah marang; [x]-i ak: nyupatani; kc. sumpah.
nyumpèni: kn. nyumpi.
nyumpêli: kn. nutup nganggo sumpêl.
nyumpêna: pc. ngimpi; kc. supêna.
nyumpêt: kn. 1 nutup rapêt; 2 ak. nyidhêm; kc. sumpêt.
nyumpi: kn. matêsi ora kêna luwih; kc. cumpi.
nyumpingi: kn. ngênggoni sumping; kc. sumping.
nyumplêng: kn. ak. bolong; kc. cumplêng.
nyumplik: kc. cilik bangêt.
nyumpu: kn. ak. nyukupi, nglêksanani; kc. cumpu.
nyumpungake: kn. ak. njalari (marakake) sumpung; kc. sumpung.
nyumrahi: êngg. ak. njalari sumrah.
nyumringahake: kn. marakake sumringah.
nyunahake: êngg. ak. ngrampungake; kc. sunah.
nyunari: kw. madhangi, nyoroti; kc. sunar.

nyunati: I kn. nêtêsi ki. ngislamake bocah wadon; kc. sunat. II êngg. ak. nyêmbêlèh; kc. sunat.
nyundaka: kw. 1 kongkonan, akon; 2 nêlik; kc. cundaka.
nyundêl: ks. nglonthe; kc. sundêl.
nyundêp: kn. nyublês; kc. sundêp.
nyunduki: kn. nyoblosi disungsun-sungsun; kc. sunduk.
nyundhang: I kn. ak. nyudhang; kc. sundhang. II kn: nglawani (mitulungi) wong kang arêp nglairake jabang bayi; kc. sundhang.
nyundhuk: kw. mapak, kêpêthuk; [x]-ake; 1 ak. madhakake, nandhing; 2 ak. nocogake; kc. cundhuk.
nyundhuki: kn. ngênggoni cundhuk; kc. cundhuk.
nyundhul: kn. 1 (êndhase, puncake) nggêpok ing; 2 (ut. [x]-i) nusuli manèh, nusuli lair (kang dhisik durung disapih); kc. sundhul.
nyundhul puyuh: kn. ak. ngumbulake dhuwur.
nyuntak: (nyuntêk êngg) kn. ngêsok wadhahe dijungkir; kc. suntak.
nyuntik: kn. nglêbokake tamba (njupuk gêtih) sarana dicublês; kc. suntik.
nyunthêl: (-ake) kn. nyugag crita (lêlakon); kc. cunthêl
nyunthi: kn. cilik bundêr (tmr. irung); kc. sunthi.
nyunyuk: kn. ndumuk nganggo gêni (ut. apa-apa kang lancip).
nyunyur: kn. êmpuk bangêt (marga digodhog).
nyungga-nyungga: kw. nyuba-nyuba; kc. sungga.
nyunggar: kn. 1 njungkati (marut lsp) munggah (mbalik); 2 malik lêmah; kc. sunggar.
nyunggata: kw. nyuguh; kc. sunggata.
nyunggi: kn. 1 nggawa katumpangake ing êndhas; 2 (ut. [x]-[x]) mundhi-mundhi; kc. sunggi.
nyungging: kn. nggambar (ngêcèt); kc. sungging.
--- 369 ---
nyunggu ~ nyuwita.
nyunggu: êngg. kn. nyunggi.
nyungir: kn. njêgrag irunge (cangkême); kc. cungir.
nyungkal: êngg. kn. mêcah watu; kc. sungkal.
nyungkawani: kw. nusahi; kc. sungkawa.
nyungkêmi: kw. ngraup sikil, sumungkêm marang; kc. sungkêm.
nyungkil: êngg. kn. nyukil; kc. cungkil.
nyungku: kw. mêlêng(-puja lsp); kc. sungku.
nyungkub: kn. ngêdêgake cungkub.
nyungnyang: êngg. kn. kurang ajar.
nyunguk: pc. manglung, ngungak.
nyungul: pc. mêncungul; kc. cungul.
nyungur: pc. kaya congor; kc. congor, nyongor.
nyupak: I êngg. kn. nabok; kc. cupak. II êngg. pc: nggêmèni; kc. cupak.
nyupangati: pc. munpangati.
nyupatani: n. nyupaosi k. 1 nêtêpake katêmênane kanthi supata; 2 ngêsotake; kc. supata.

(nyupe): nyênyupe k. ak. nglêlali; nyupèkakên k. nglalèkake; kc. supe, lali.
nyupêkêtake: kn. ngrakêtake pasêduluran; kc. supêkêt.
nyupêna: k. ak. ngimpi; kc. impi, supêna.
nyupêt: kn. njugag, nyêndhakake; kc. cupêt.
nyupit: kn. njapit nganggo supit; [x]-i ki: nêtaki; kc. supit.
nyuplik: kn. 1 nyukil (nyopot) mata intên lsp; 2 pc. nyublik; 3 mêthik karangan lsp; kc. cuplik.
nyupu: kn. ak. mampêt wêtuning gêtih; kc. cupu.
nyuprèh, nyuprih: êngg. kn. murih; kc. suprih.
nyurabi: kn. ak. nyarub, nyampur; kc. curab.
nyurah: (ake) êngg. kn. ngêsok(ake); kc. curah.
nyurak: (-i) kn. ngêlokake sarana surak; kc. surak.
nyurangi: êngg. kn. nggadhung (nalikane main); kc. curang.
nyurasa: n. nyuraos k. nggolèki (ngrasakake) têgêsing têtêmbungan lsp; kc. surasa.
nyurati: kw. nyirati; kc. curat.
nyurèni: êngg. kn. nyêriti; kc. suri.
nyurêki: kn. ngrêsiki curêk ing kuping; kc. curêk.
nyurêmake: kn. ak. njalari surêm; kc. surêm.
nyurêng: kn. katon mrêngut pêtêng ulate; kc. curêng.
nyurês: (ake) kn. marakake (agawe) curês; kc. curês.
nyuriga: kn. ak. nggawa kêris ing anggar; kc. curiga.
nyuryani: ki. ngraupi; kc. raup.
nyuru: kn. nyidhuk nganggo suru; kc. suru.
nyurug: êngg. kn. gumrojog (kaya grojogan); kc. curug.
nyuruhi: n. nyêdhahi k. ngulêmi (ngundang), minta sraya; kc. suruh.
nyurung: kn. njorogake saka ing buri; kc. surung.
nyurupake: n. nyêrapakên, nyêrêpakên k. 1 nglêbokake ing; 2 metung ing; 3 awèh wêruh, ngêrtèkake; nyurupi n. nyêrapi, nyêrêpi k: 1 ak. mlêbu ing, manjing ing; 2 mbanjêli pagawean; 3 nyoba nakêr manèh; kc. surup.
nyurut: kn. nylurut; kc. curut.
nyurtanah: kn. nylamêti surtanah; kc. surtanah.
nyurtèni: kn. ak. ngopèni kanthi ngati-ati; kc. surti.
nyus: mak [x] pc. mak cus.
nyusahi: (-ake) pc. nusahi(-ake); kc. susah.
nyuthak: êngg. kn. nglangkahi (giliran lsp); kc. cuthak.
nyuthat: kn. ak. 1 nyuthik banjur dibuwang (dikipatake); 2 nacar, nyublik; 3 pc. nundhung; kc. cuthat.
nyuthêl: (ake) kn. nyugag, njugag (crita lsp); kc. cuthêl.
nyuthik: kn. nyuthat nganggo barang sing dawa; kc. cuthik.
nyuwabi: êngg. ak. mbêsêli; kc. suwab.
nyuwak: I kn. 1 ngilangi (mari nganggokake) pranatan lsp; 2 nyabut; 3 murungake; kc. suwak. II êngg. kn. nyongkog, nyagaki; kc. cuwak.
nyuwal: kn. ak. nakoni; kc. suwal.
nyuwalani: kn. ak. mêrangi; kc. suwala.

nyuwani: kn. njalari cuwa.
nyuwang: I êngg. kn. mbuwang; kc. suwang. II kn. ak. sabên (siji-sijine) suwang (1 wang); kc. suwang.
nyuwara: n. nyuwantên k. ngêtokake swara, muni; kc. swara.
nyuwaratake: êngg. ak. ngundhangake (tmr. dhawuh lsp); kc. suwarat.
nyuwawa: kw. nandhingi, nglawan; kc. suwawa.
nyuwawak: kn. nywara sêru, amba cangkême.
nyuwawèni: kn. ak. ngrujuki, mupangati; kc. suwawi.
nyuwawuk: pc. nyawuk, nyuwêk; kc. cuwawuk.
(nyuwe): nyênyuwe n. ndêdangu k. ngrêrêndhêt supaya suwe; nyuwèni n. ndangoni k: njalari suwe; kc. suwe.
nyuwèk: kn. nyêbit nganti suwèk; kc. suwèk.
nyuwèrake: kn. ngèncèrake; kc. cuwèr.
nyuwèwèk: kn. 1 mbênggang cangkêm; 2 cangkême mênga amba; kc. cuwèwèk.
nyuwêk: êngg. pc. nyuwik nganggo kuku, nggraut; kc. cuwêk.
nyuwêlake: kn. nglêbokake ing (kanthongan), nêkuk jarit lsp; kc. suwêl.
nyuwêngakên: k. nyuwêngake; kc. suwêng, suwung.
nyuwik: kn. nyuwèk sathithik; kc. cuwik.
nyuwil: kn. nggêmpil sathithik; kc. cuwil.
nyuwir: (-i) kn. nyêbit(-i) ut. nyuwèk(-i) cilik-cilik; kc. suwir.
nyuwit: pc. muni cuwit; kc. cuwit, suwit.
nyuwita: kw. ngabdi, ngèngèr; kc. suwita.
--- 370 ---
nyuwuk ~ nyongkol.
nyuwuk: kn. 1 murungake, nyuwak; 2 ak. nimbul (ndongani) disêbul êmbun-êmbunane; kc. suwuk.
nyuwun: I êngg. kn. nyunggi;kc. suwun. II ki: njaluk; [x] alim k: njaluk pangapura; [x] pirsa (priksa): takon, mitêrang; [x] sèwu: nuwun sèwu (pamit lsp); kc. suwun.
nyuwungake: n. nguwêngakên k. ninggal omah nganti suwung; kc. suwung.
nyuwurake: pc. ngandhakake mrana-mrana; kc. suwur.
nyuwut, nyuwot: kn. njupuk, nyolong; kc. cuwut.
nyuwol: kn. nyênol; kc. cuwol.
nyuwowo: kn. nyuwèwèk cangkêm; kc. cuwowo.
nyuwowol: pc. nyuwol, nyêmol.
nyo: I êngg. kn. teko gêdhe, kan. II sinyo.
nyoba: n. nyobi k. njajal; kc. coba.
nyobab: êngg. kn. mblithuk, ngapusi.
nyobat: êngg. pc. nyanak, dadi sobat; kc. sobat.
nyoblos: kn. nyublês nganggo dom lsp; kc. coblos.
nyobrahi: kn. ak. kaya oyod sobrah; kc. sobrah.
nyodor: kn. ak. numbak nganggo sodor; kc. sodor.
nyodhèr: pc. matri; kc. sodhèr.
nyodhog, nyodhok: êngg. kn. ndhêsêk maju, nyogok; kc. sodhog.

nyoga: kn. ngabang jarit nganggo soga; kc. soga.
nyogata, nyogatani: êngg. k. nyuguh(i); kc. sogat.
nyogèr: I êngg. kn. nggaringake wijèn lsp; kc. cogèr. II [x]-i êngg. kn: nanduri pari; kc. cogèr.
nyoglèng: kn. 1 tuwuh soglènge (tmr. têmbako); 2 pc. nyambi nindakake pagawean liya; [x]-i pc: ngilangi soglèng; kc. soglèng.
nyogok: kn. 1 ndudul (nyêbul lsp) ing bolongan lsp. nganggo sogok; 2 ngêngakake nganggo kunci; kc. sogok.
nyoh: I pc. nya! II di-[x]-i êngg. diwènèhi.
nyok: pc. sok.
nyokèr: (-i) kn. ngorak-arik nganggo cuthik lsp; kc. cokèr.
nyoklaki: êngg. kn. nanja, ngluwangi; kc. coklak.
nyoklèk: (-i) kn. mutung(-i); kc. coklèk.
nyokurake: kn. ngucap sukur; kc. sokur, sukur.
nyokoh: êngg. kn. ngrèmèhake; kc. cokoh.
nyokol: êngg. kn. njêjêlake ing cangkêm; kc. cokol.
nyokot: êngg. pc. nyakot; kc. cokot.
nyokrèk: (-i) kn. nyokèri; kc. cokrèk.
nyolahake: kn. ak. molahake, ngobahake; kc. solah.
nyolèd: kn. migunakake solèd; kc. solèd.
nyolo: (C) kn. anglo (padupan).
nyolok: kn. 1 nyogok mata; 2 nyampuri uyah lsp. sathithik; [x]-i: madhangi nganggo colok; kc. colok.
nyolong: kn. njupuk darbèking liyan tanpa têmbung; kc. colong.
nyolong basa: kn. ak. nyêngkolong.
nyolong laku: kn. ak. nindakake dhêdhêmitan.
nyolong ulat: kn. ngingêtake dhêdhêmitan.
nyolong pêthèk: kn. katêmahane sulaya karo pamêthèke.
nyoloti: kn. mêncolot kêna ing; kc. colot.
nyombor: êngg. kn. ngombor jaran; kc. comboran.
nyomèlake: ks. ngrasani, ngandhakake; kc. comèl.
nyomlo: pc. mlongo, mêndongong.
nyomot: êngg. kn. nyêkêl; kc. comot.
nyompètake: kn. ak. ngumpêtake; kc. sompèt.
nyomplong: (-i) kn. mbolongi; kc. complong.
nyomrong: pc. rêgêd, ala bangêt.
nyondhok: kn. ak. nyundhuk; kc. condhok.
nyondhol: kn. nyundhul saka ingisor; kc. sondhol.
nyondhongi: kn. ngrujuki, mupakati, nocogi; kc. condhong.
nyontêni: k. nyorèni; kc. sontên, sore.
nyonti: êngg. kn. nyandhêt, ngalang-alangi; kc. conti.
nyonto: kn. niru, nulad; nyontoni: mènèhi conto, nuladhani; kc. conto.
nyontok: pc. nyodhok sêru; kc. sontok.
nyontrot: kn. ana sontrote; kc. sontrot.
nyonthèngi: êngg. kn. nyorèngi, nylonèhi; kc. conthèng.
nyonthong: kn. 1 kaya conthong; 2 mungkus awangun conthong; kc. conthong.

nyonyah: kn. wong wadon bangsa Eropah ut. Cina.
nyonyo: êngg. kn. kasar (gunêman).
nyonyok: êngg. kn. nyunyuk.
nyonyos: êngg. kn. mambu wêngur.
nyong: I êngg. aku, -ku, -dak. II êngg: nok (panyêluk marang bocah-wadon).
(nyongah): nyênyongah kn. ak. nggugah hawa napsu, nggêgasah; kc. congah.
nyongari: kn. ak. ngumuki, sêsongar marang; kc. songar.
nyongat: kn. noncong, njêngat; kc. congat.
nyonggah: (-i) êngg. kn. 1 ngangkat (njongkèng) prau; 2 ngusung pari panènan digawa mulih; kc. conggah.
nyonggèk, nyonggèt: êngg. kn. nyènggèt (wowohan); kc. songgèk.
nyongkèl, nyongkil: êngg. pc. ndhongkèl, ngungkil; kc. songkèl, congkèl.
nyongkèt: kn. nyulam ing bênang mas; kc. songkèt.
nyongklang: kn. mlayu bantêr (tmr. jaran); kc. congklang.
nyongklok: kn. nyêngkolong, njegal têtêmbungan; kc. congklok.
nyongkob: (ake) kn. ak. ngrèmbyahake rambut ing rai (bathuk); kc. songkob.
nyongkog: êngg. kn. nyuwak, nyagaki; kc. congkog.
nyongkol: kn. ngantêm; kc. songkol.
--- 371 ---
nyonglong ~ nyrimpung.
nyonglong: pc. manglung maju; kc. nyêngonglong.
nyongo: pc. mlongo, mêndongong.
nyongok: êngg. kn. ngêluhi; kc. congok.
nyongol: kn. katon nyongat maju; kc. congol.
nyongor: pc. maju kaya congor.
nyongot: kn. nyongat; kc. congot.
nyopak: kn. nyambungi lsp. minangka pikukuh ut. ganti kang putung; kc. sopak.
nyopèt-nyopèt: êngg. kn. mitulungi sathithik-sathithik; kc. copèt.
nyopir: kn. dadi sopir; [x]-i: nglakokake montor; kc. sopir.
nyoplok: kn. 1 nyopot (nyuplik); 2 ak. nyuda buruhan; kc. coplok.
nyopot: kn. 1 nguwalake saka anjing-anjingane; 2 ngrucat sêpatu lsp; 3 mocot; kc. copot.
nyopros: kn. dawa (tmr. brêngos).
nyorahake: kn. ak. 1 masrahake marang wong akèh; 2 ngandharake; kc. corah, sorah.
nyorak-nyarèk: (-nyarik) kn. ak. nggambari lsp. pating clorèk; kc. corèk.
nyorak-nyaruk: pc. tansah nyaruk; kc. caruk.
nyorèk: (-i) kn. nggarit, nggaris, nggalêri; 2 êngg. nanja; kc. corèk.
nyorèni: n. nyontêni k. ak. têka ing wayah sore; kc. sore.
nyoro: pc. kaya coro (lancip tmr. cangkêm); kc. coro.

nyorog: kn. 1 nyogok, ngunci; 2 êngg. ak. atur-atur marang dhêdhuwuran; kc. sorog.
nyoroh-nyorohake: kn. nawak-nawakake supaya diêpèk; kc. soroh.
nyorok: I kn. nyodhokake (ngrêsiki lsp) nganggo sorok; kc. sorok. II (ut. [x]-i) kn. ak: nglanjak, ndhaku; kc. corok. III êngg. kn. ngupasi; kc. corok.
nyorong: êngg. kn. 1 (ut. [x]-i) madhangi, nyoloki; 2 (ut. [x]-ake) ngincêng(-ake); 3 ngèkêr; kc. corong.
nyoroti: I kn. madhangi; kc. sorot. II kn. ak. ngoncori (ngêlêbi); kc. sorot.
nyos: mak [x] pc. pêpindhan swaraning wêsi diobong banjur diclup ing banyu lsp; kc. nyus, cos.
nyosis: kn. olah sosis.
nyotha: kn. ak. bêbêdan sabuk satugêl (sabuk wala); kc. cotha.
nyothe: kn. nyêngkêlit kêris ing bangkekan ngiringan; kc. cothe.
nyotho: kn. ngantêm wêtêng; kc. sotho.
nyothokake: kn. njalari cotho; kc. cotho.
nyothotake: kn. ak. mlothot; kc. cothot.
nyowani: k. nyebani; kc. seba, sowan.
nyowok: kn. nyuda; kc. cowok.
nyowongake: kn. ak. njalari cowong.
nyrabi: kn. gawe srabi.
nyrahake: kn. ak. masrahake; kc. srah.
nyramani: kn. mènèhi srama; kc. srama.
nyrambahi: kn. ngacaki kabèh; kc. srambah.
nyrampad: I kn. mènèk wit nganggo pancadan tampar; kc. srampad. II êngg. ak. nrajang (nggêpok) lumahe; kc. srampad.
nyrampang: kn. mbalang nganggo arit lsp; kc. srampang.
nyranani: kn. mènèhi srana; kc. srana.
nyrandu: êngg. kn. 1 nyênyêngit; 2 cêthil bangêt; kc. srandu.
nyranèkake: êngg. ak. ndadèkake (nglêbokake) srani (Kristên); kc. srani.
nyranti, nyrantèkake: n. nyrantosakên k. nyabarake, nguntarakake; kc. sranti.
nyranthal: pc. njranthal.
nyrapat: I kn. 1 nyrèmpèd; 2 nyipat, ngincêng; kc. srapat. II kn. ak: ngira-ira sarana ndêlêng pasêmoning praèn; kc. srapat.
nyrasah: kn. 1 nglapis; 2 masang blabag lsp. ing jrambah; kc. srasah.
nyrasèhake: kn. nyêmantakake; kc. srasèh.
nyratèni: kn. ngladèni (ngêmong) diturut sakarêpe; kc. srati.
nyrathil: cêthil [x] pc. cêthil bangêt.
nyrawat: êngg. kn. nyawat, mbêngkolang; kc. srawat.
nyrawe: kn. 1 gumantung srawe-srawe; 2 obah kumlawe (tmr. tangan); kc. srawe.
nyrawungi: kn. ngumpuli; kc. srawung.
nyrekal: kn. 1 ngingêrake (mlèsèdake) têtêmbungan; 2 êngg. ngrasani, nyatur ala; kc. srekal.

nyrèmpèd: kn. 1 nyrampad, nggêpok (ngênani) ing lumahe; 2 pc. nyêmoni; 3 pc. nyilih (utang) sadhela; kc. srèmpèd.
nyrèngès: pc. mrèngès; kc. crèngès.
nyrèngkèng: pc. lancip bangêt (landhêp); kc. crèngkèng.
nyrèpèt: kn. nywara mak srèpèt (narik kêris lsp); kc. srèpèt.
nyrèwèhake: pc: ngilèkake banyu (saka kalènan mênyang sawah); kc. srèwèh.
nyrêbêdi: kn. ak. ngêbuti alon-alon; kc. srêbêd.
nyrêgêpi: kn. nabêrèni; kc. srêgêp.
nyrêmêdake: kn. ngomongake prakara saru; kc. crêmêd.
nyrêmpêng: kn. nindakake (nggarap) kalawan mêmpêng; kc. srêmpêng.
nyrêmpil: kn. 1 ngêlongi (njupuk) sathithik; 2 pc. nêmpil; kc. srêmpil.
nyrêngêni: kn. ndukani ki. srêngên marang; kc. srêngên.
nyrênggara: kw. ngungrum, ngaruh-aruhi kalawan sumèh; [x] macan kw. nggêrtak, mêksa, kc. srênggara.
nyrênggut: pc. nyênggut.
nyriga: kn. ak. nyuriga; kc. crigan.
nyriyati: kn. ak. nulak sarana sêsaji; kc. sriyatan.
nyriyosi: (-akên) k. ngandhani, ngandhakake; kc. criyos.
nyrikêp: êngg. kn. nyuluh manuk; kc. srikêp.
nyrimpêdi: kn. njalari kêsrimpêd; kc. srimpêd.
nyrimpi: kn. njogèd srimpi.
nyrimpung: kn. nalèni sikil loro didadèkake siji; kc. srimpung.
--- 372 ---
nyrinthil ~ ngadani.
nyrinthil: pc. mlayu rikat; kc. srinthil.
nyringis: pc. mringis; kc. cringis.
nyripit: êngg. pc. nyruput; kc. sripit.
nyrirani: ki. ak. ngawaki; kc. srira, awak.
nyrisig: kn. ak. ngêtrap (masang) srisig; kc. srisig.
nyritakake: n. nyriyosakên k. ngandhakake lêlakon (crita); nyritani n. nyriyosi k: crita marang; kc. crita.
nyriwil: pc. njawil, nyrèmpèd sathithik; kc. sriwil.
nyriwing: pc. nywara sriwing-sriwing.
nyruba-nyruba: êngg. kn. ngaji-aji bangêt, nyungga-nyungga; kc. sruba.
nyrudug: kn. nyodhok mbijig; kc. srudhug.
nyrudhah: kn. ak. 1 ndhudhah; 2 nyludhah; kc. srudhah.
nyrumbungi: kn. ngêtrapi srumbung.
nyrunthul: kn. mlayu njrunthul; kc. srunthul.
nyrungga: êngg. kn. nyêbar wiji campuran; kc. srungga.
nyrungus: pc. katon kuru (tmr. rai).
nyruput: pc. ngombe sarana nyêrot; kc. sruput.
nyrutu: I pc. ngutu, mlaku têrus bae. II kn: nglinting srutu; kc. srutu.
nyruwag: kn. ak. ora tata (tmr. rambut); kc. sruwag.
nyruwe: kn. 1 ngaruh-aruhi, ngelikake; 2 nacad, maoni; kc. sruwe.

nyruwêk: êngg. kn. nguwêk-uwêk; kc. cruwêk.
nyruwuk:êngg. kn. nyrudug; kc. sruwuk.
nyrobo: pc. crobo.
nyrobong: êngg. kn. nggêdhong (bayi); kc. srobong.
nyrodok: kn. kaku njêgrag (tmr. rambut); kc. srodok.
nyrondhol: pc. nyondhol; kc. srondhol.
nyronggot: kn. nyrudug nganggo sronggot; kc. sronggot.
nyrongkob: pc. kêtêl lan nyaprang bangêt (brêngos).
nyropot: kn. nyêrèt candu tanpa campuran; kc. sropot.
nyrowok: êngg. kn. nêmpuh; kc. srowok, crowok.
nyrowongi: kn. mbolongi; kc. srowong.
nywara: n. nywantên k. ngêtokake swara, muni; kc. swara.
nywargakake: kn. muktèkake; kc. swarga.
nywawèni: kn. ak. nyuwawèni; kc. suwawi.

1. nylagangake.
2. nylagangake.
3. mènèhake.
4. sukêr.

NG

ngababi: kn. ndamoni; kc. abab.
ngadad: kn. ak. ngambar wangi.
ngabah-abahi: kn. 1 ngêtrapi abah-abah; 2 ngrampyang, nyrêngêni; kc. abah.
ngabani: kn. ndhawuhi, nggirèkake; kc. aba.
ngabang: n. ngabrit k. ngêcèt lsp. abang.
ngabang bironi: pc. nganti sêmu biru raine (marga sêdhih lsp).
ngabar: I kn. ilang (êntèk) dayane; kc. abar. II kn: ngagag-agagi arêp ngabruk (tmr. jago); kc. abar. III [x]-ake kn: martakake; [x]-i: mènèhi kabar; kc. kabar.
ngabas: kn. ak. ngawag, ngawur.
ngabdasi: kn. ak. muloni (rêrêsik ngarêpake sêmbahyang); kc. abdas.
ngabdi: ki. ngèngèr; kc. abdi.
ngabèhake: n. nyêdayakakên k. nganggo (ngatutake lsp) kabèh; kc. kabèh.
ngabèhi, ngabèi: kn. 1 ar. sêsêbutaning priyayi; 2 êngg. kêpala pulisi.
ngabèli: kn. ak. njalari kabèlên; kc. kabèlên.
ngabêkti: kn. sumungkêm ngurmati (nyêmbah dhêngkul); dingabêktèni: disêmbah (diambung) dhêngkule tandha pakurmatan.
ngabên: k. ngadu; kc. abên, adu.
nyabêrake[1] : kn. marakake (njalari, agawe) abêr; kc. abêr.
ngabid: kn. ak. wêkêl ênggone nglakoni agama.
ngabiwada: kw. ngurmati, nyungga-nyungga; kc. abiwada.
nyabyag: (-i),[2] ngabyak(-i) pc. ngampyak.
ngabyantara: (-nata) kw. ingarsaning (ratu).
ngablah-ablah: pc. têturon mlumah, mênga amba.

ngablak: I kn. 1 mênga amba cangkême; 2 pc. gunêman; kc. ablak. II [x]-ake suwiwi: ngêbêt-ngêbêtake suwiwi; [x]-i ak: nantang; kc. kablak.
ngabuh-abuhi: kn. wiwit abuh; kc. abuh.
ngabuk: I kn. ndhaku (ngêpèk) kalawan ora sabênêre; kc. abuk. II êngg. kn: mbubuk; kc. abuk. III [x]-i êngg. kn: ngrabuki; kc. abuk.
ngabul-abul: êngg. kn. ngudhal-udhal (mbuwangi, mratakake lsp) mênyang êndi-êndi; kc. abul, mabul.
ngabuli, ngabulake: kn. ak. 1 nglêksani[3] panuwun (sêmbahyang); 2 ngandhakake tujuning slamêtan; kc. kabul.
ngaburi: kn. ak. mabur mênyang ing; ngaburake: nguculake supaya mabur; kc. abur.
ngabor: êngg. kn. omong, sêsongaran.
ngabotake: n. ak. ngawratakên k. nganggêp abot (pêrlu); kc. abot, êbot, bot.
ngabotohan: kn. 1 totohan; 2 main, kêplèk; kc. botoh.
ngabrit: (-i) k. ngabang(-i); kc. abang, abrit.
ngabruk: (-i) kn. nladhung (nyabut) ing suwiwi; kc. kabruk.
ngabrut-abrut: pc. 1 ngudhal-udhal; 2 ngêcèh-êcèh; kc. abrut.
ngabsahake: kn. ak. nganggêp (nêtêpake) absah; kc. absah.
ngada-ada: kn. ak. ngadani; kc. ada.
ngadam: (A) kn. ak. ora ana, ora madêg.
ngadani: I kn. miwiti nindakake (yasa) gawe ada-ada; kc. ada. II êngg. kn: 1 ngawat-awati, ngrigênake pagawean lsp; 2 ngladèni; kc. adan.
--- 373 ---
III kn. ak: ngelingake (nyêmbahyangake) sarana adan; kc. adan.
ngadang ~ ngaglah.
ngadang: I kn. ak. nyanak, nganggêp kadang; kc. kadang. II [x]-ake ak: ngliwêtake adang; kc. adang.
ngadat: (A) kn. ak. kalumrahah, padatan; kc. adat.
ngadèk: (-adèk)-ake kn. 1 dianggêp adèn-adèn (barang kang adi); 2 ak. dibêcik-bêcikake; ngadèn-adèni ak: 1 ngaji-aji bangêt; 2 nggêmatèni bangêt; 3 êngg. ngugung; kc. adi.
ngadêg: kn. jumênêng ki. njêjêr jêjêg (ora rubuh); [x]-i (njumênêngi ki): nunggoni; [x]-ake: 1 ngêdêgake; 2 (njumênêngakên ki) nêtêpake (ngangkat) dadi ...; kc. adêg.
ngadi-adi: kn. 1 ak. ngaji-aji, ngêmi-êmi; 2 pc. ugungan bangêt; kc. adi.
ngadi busana: ([x] raga, [x] warna) kw: macak.
ngadil: (A) kn. ak. adil; [x]-i: mriksa prakara; kc. adil.
ngadilaga: kw. (ing) paprangan.
ngadu: n. ngabên k. narungake; kc. adu, êdu.
ngaduki: kn. ak. ngluwihi, ngêkèhi bangêt; kc. kaduk.
ngadul: (-adul)-i, ngadulake kn. wadul marang; kc. adul, wadul.
ngadoh: n. nêbih k. nglungani adoh; kc. adoh.
ngadolake: n. ak. nyadèkakên k. ngêdolake; kc. adol, êdol.

ngadon-adoni: n. ngabên-abêni k. 1 njantoni, mbumboni; 2 ngojok-ojoki supaya padu; kc. adu.
ngados-ados: êngg. k. ngadi-adi.
ngadrèsi: kn. nulisi adrèse; kc. adrès.
ngajagi: kn. nêsêli (nyêlani, nylundhingi) tanduran liya; kc. ajag.
ngajahake: êngg. kn. ngajari nyandêr; kc. ajah.
ngajaib: (A) kn. ak. anèh bangêt; kc. ajaib.
ngajak: kn. akon mèlu; kc. ajak.
ngajal: kn. ak. mati; kc. ajal.
ngajani: kn. akon (ngojok-ojoki) supaya nindakake ala; kc. aja.
ngajang: I kn. gawe kajang; kc. kajang. II [x]-i kn: nyêdhiyani papan dianggo pakumpulan lsp; kc. ajang.
ngajap: (-ajap) kn. ngarêp-arêp (mujêkake) supaya; kc. ajap.
ngajar: kn. mulang, nggêgulang; kc. ajar.
ngajati: kn. ak. niyati, kêpengin; kc. ajat, kajat.
ngajèk: êngg. kn. ngajak; kc. ajèk.
ngajèkake: kn. nyêmbahyangake wong mati sarana ngaji; kc. ngaji.
ngajèni: n. ngaosi k. 1 ngrêgani; 2 ngurmati; kc. aji.
ngajèr: (i) êngg. kn. ngêjuri; kc. ajèr.
ngajêgi: kn. nindakake kalawan ajêg; kc. ajêg.
ngajêng: k. (ing)arêp; ngajêng-ajêng k: ngarêp-arêp; [x]-i k: 1 ngarêpi; 2 ngajoni; [x]-ake k: 1 ngarêpake; 2 ngajokake; kc. ajêng, arêp, aju.
ngaji: I kn. maca kitab kur'an. II [x]-aji n. ngaosi k. nyuhun-nyuhun ki: mundhi-mundhi, ngurmati bangêt; kc. aji.
ngaji pumpung: kn. nguja karêpe.
ngajum: kw. nata; kc. êjum.
ngajur: kn. ak. ngêjur; kc. ajur.
ngajogake: kn. njalari kajog atine; kc. ajog.
ngajokake: I n. ngajêngakên k. nggawa (njalari, agawe) maju; kc. aju. II êngg. kn: nggumunake; kc. kaju, kajo.
ngajon-ajoni: kn. muwuhi totohane; kc. ajon-ajon.
ngajoni: n. ngajêngi k. maju mênyang ing; kc. aju.
ngajrihi: k. mêdèni; kc. ajrih, wêdi.
ngadhag-adhag: kn. ak. ngênthak-ênthak ora katutupan; kc. adhag.
ngadhahi: pc. madhahi; kc. adhah, wadhah.
ngadhal mêtêng: kn. ing têngah mblêndhuk; kc. kadhal.
ngadhang: kn. ngêntèni têkane (ana ing dalan lsp); kc. adhang.
ngadhèhake: kn. nglakokake adhèhan; kc. adhèhan.
ngadhèni: kn. ak. ngganti anyar; kc. adhi.
ngadhèt: êngg. kn. ngutil, mbajing; kc. kadhèt.
ngadhêmi: ak. ngadhêmake n. ngasrêpi k. ak: ngasrêpakên k: marakake (agawe, muwuhi lsp) adhêm; kc. adhêm.
ngadhêp: kn. 1 (ut. [x]-ake) ngarêpake ing; 2 seba marang; [x]-i: seba (linggih) madhêp marang; kc. adhêp, madhêp.
ngadhi: kn. nyêbut (kaprênah) adhi.
ngadhu: êngg. kn. nggadhu; kc. gadhu.
ngadhuh: (-adhuh) kn. sêsambat adhuh.

ngadhuk: kn. maculi mbludhukake lêmah; kc. adhuk.
ngadhul-adhul: kn. ngudhal-udhal lan ngawut-awut; kc. adhul, madhul.
ngadho: êngg. kn. 1 ngêtrapake, masang; 2 nata, mranata; kc. adho.
ngaèn: êngg. kn. kang wis mêsthi (nyata); [x]-ake êngg: nyatakake, mêsthèkake; kc. aèn.
ngaèngake: kn. ak. nganggêp aèng; kc. aèng.
ngaèsi: kw. maèsi, macak; kc. aès, paès.
ngagag-agagi, ngagar-agari: kn: ngacungi gêgaman lsp. kaya arêp ditamakake; kc. agag, agar.
ngagak-agak: kn. ora turu-turu marga akèh sing dirasakake; kc. agak.
ngagak-agaki: êngg. kn. ngagag-agagi, ngancam; kc. agak.
ngagal: kn. ngasari; kc. agal.
ngagar: kn. gawe gêni sarana kayu digosokake; kc. agar.
ngagèt: kn. kalawan dadakan; [x]-i, [x]-ake: njalari kagèt; kc. gèt, kagèt.
ngagêm: ki. nganggo; kc. agêm, anggo.
ngagêngakên: k. nggêdhèkake; kc. agêng.
ngagir: êngg. kn. têturon mêngkurêb êndhase njêngèngèk; kc. agir.
ngagla: êngg. kn. ora nggêgawa apa-apa.
ngaglag-aglag: êngg. ks. mangan.
ngaglah: pc. linggih mêpêti dalan, katon cêtha.
--- 374 ---
ngagul-aguli ~ ngaku.
ngagul-aguli: kn. ak. magoli, ngalang-alangi; kc. gul.
ngagumi, ngagumake: kn. ak. njalari kagum; kc. kagum.
ngagungake: kw. nggêdhèkake; kc. agung.
ngagol-agoli: kn. ngalang-alangi, njalari kagol; kc. kagol.
ngagor-agori: kn. swarane lagi agor; kc. agor.
ngagru-agru, ngagro-agro: pc. ngrusuhi, mbêbeda, ngganggu gawe; kc. agru.
ngah: I kn. ak. rada wêgah; kc. êngah. II di-[x]-i êngg: diwènèhi.
Ngahad: kn. dina kang kapisan.
ngahlèkake: kn. ak. ngulinakake; kc. ahli.
ngain: êngg. kn. ngaèn.
ngait: êngg. kn. ndudut, nyingkirake; kc. ait.
ngait: (-ake) rêmbug kn. ak. njanji, sêmayan; kc. sêkait.
ngaya-aya: kn. nindakake (nggarap) kanthi rêkasa; kc. aya.
ngayabi: êngg. kn. matun; kc. ayab.
ngayadake: kn. ak. ngawadake, sêngadi; kc. sayad.
ngayah: I êngg. kn. nindakake ayahan; kc. ayahan. II kn. ak. ngawag, ngawur, nindakake sakarêpe; kc. kayah.
ngayah-ngayuh: kn. nindakake dibarêng (dicampur); kc. kayah.
ngayaki: I kn. nyaring nganggo ayakan; kc. ayak. II êngg. kn. ngundang (nglumpukake) akon nyambut gawe; kc. ayak.
ngayak-ngayuk: pc. ngayah-ngayuh.
ngayam-ayam: kn. ak. ngarêp-arêp bangêt; kc. ayam.

ngayam-alas: (-wana) kw. lunga nusup-nusup (dhêdhêmitan) kaya ayam alas.
ngayani: kn. mènèhi kaya; kc. kaya.
ngayang: I kn. ndhêngklak gêgêre nêkuk (banjur mlaku); 2 ngêtog (ngêpêng) karosan; 3 pc. nyêngka bangêt; 4 pc. bêcik bangêt, kc. kayang. II êngg. kn: nulungi, mbantu; kc. ayang.
ngayangan: kw. mênyang ing kayangan.
ngayap: kw. linggih ngadhêpi; kc. ayap.
ngayar: 1 êngg. kn. nyuwir-nyuwir (godhong); 2 nganam (mendhong lsp); 3 mepe pari dijèrèng; kc. ayar. II êngg. kn. ndêkêp (nyathok) manuk.
ngayas: êngg. kn. ngracun, ngapusi; kc. kayas.
ngayati: 1 kw. mênthang gêndhewa; 2 kn. ak: nyrêmpêng, ngêtog; 3 êngg. miwiti, ngadani; kc. ayat.
ngayawara: kn. gunêman tanpa têgês, tanpa kanyataan.
ngayêg-ayêg: pc. 1 adoh bangêt; 2 akèh (abot) bangêt.
ngayêm-ayêm: kn. ngenak-enak (katon ayêm atine); ngayêm-ayêmi(-ake): agawe ayêming ati; kc. ayêm.
ngayêng-ayêng: êngg. kn. mayêng-mayêng; ngayêngi êngg: nganglangi, ngubêngi; kc. ayêng.
ngayêr: I êngg. kn. ngawat-awati; kc. ayêr. II êngg. pc: 1 ngadêg nganyêr; 2 muni (manggung) nggantêr.
ngayu: I n. ngajêng k. kaya kayu, dadi kayu; kc. kayu. II [x]-ayu kn. ak. mbêbêcik, macak supaya ayu; kc. ayu.
ngayu-alakake, ngayu-walakake: kn. ak. nganggêp ala, nyênyamah, nyarang; kc. kayu.
ngayub-ayub: kn. ak. golèk pangeyuban.
ngayubagya: kw. ngrujuki, nayogyani.
ngayuh: I kn. 1 ak. ngranggèh; 2 kw. ngrangkul; 3 ngêdolake baranging liyan; kc. gayuh, kayuh. II êngg. kn: mêlahi; kc. kayuh.
ngayuk, ngayut: kn. ak. njupuk kabèh.
ngayumi: êngg. kn. nyulami (mbênakake) jala, jaring lsp; kc. ayum.
ngayun: kw. ngarêp; [x]-ayun kw: ngarêp-arêp; kc. ayun.
ngayur-ayur: pc. katon dhuwur cilik.
ngayuti, ngayutake: kn. nggayut, mbrayut; kc. kayut.
ngayuwara: kn. ak. gunêman tanpa têgês.
ngayom: kn. ngeyub, njaluk pangayoman; [x]-i: ngeyubi, mitulungi; [x]-an ak: ing pangayomaning ...; kc. ayom.
ngayoni: kn. 1 ngambali nakêr (nyurupi); 2 êngg. nêdya nglawan, nyoba arêp nêmpuh (madoni, lsp); kc. ayo, ayon.
(ngak): di-[x]-ake pc. diwêngakake; kc. wênga.
Ngakad: kn. ak. Ngahad.
ngakahi: kn. 1 nglangkahi kadunungake ing sêla-sêlaning sikil; 2 êngg. nggagahi, nguwasani, ndhaku; kc. kakah.
ngakak: kn. 1 nywara kak-kak (tmr. ula); 2 ngguyu sêru; kc. cêkakakan.

ngakal: kn. ak. akal; [x]-i: 1 ngrekani, ngapusi; 2 pc. nyanggama; kc. akal.
ngakal-bakal: kn. ak. cakal-bakal; kc. akal-bakal.
ngakang: kn. nyêbut (kaprênah) kakang.
ngakasa: kw. (ing-, mênyang ing-) langit ut. awang-awang; kc. akasa.
ngakèh: n. ngakathah k. (ing-) mungguhing wong akèh; [x]-i n. ngathahi k: ngundhaki kèhe; kc. akèh, kèh.
ngakèk: êngg. kn. nyêbut (kaprênah) kakèk; kc. kakèk, kaki.
ngakèn: k. ngakon.
ngakèni: kn. ak. ngukur sarana kaki.
ngakerat: kn. alam sawuse pati.
ngakên: I k. ngaku; kc. akên, aku. II [x]-akên k: ngakokake; kc. kakên, kaku.
ngakêp: kn. nglêbokake ing cangkêm banjur diingkêmi (rokok lsp); kc. akêp.
ngaki: êngg. kn. nyêbut (kaprênah) kaki.
ngakik: êngg. pc. bungkik, julig.
ngakingake: kn. ak. nggaringake; kc. aking.
ngakirake: kn. ak. nyumênèkake, ndunungake ing akir; kc. akir.
ngak-ngak: kn. nywara kak-kak (tmr. bèbèk, banyak).
ngak-ngèk: pc. tansah nangis (tmr. bocah-cilik).
ngaku: I n. ngakên k. 1 ndhaku, nganggêp ndarbèki; 2 ngrumangsani kaya; 3 (ut. ngakoni) blaka ngandhêmi kaluputane lsp; kc. aku.
--- 375 ---
II n. ngakên k. ak: njarag kaku; kc. kaku.
ngaku[4] ~ ngambali.
ngaku dosa: n. ngakên dosa k. walèh dosane marang imam sarta duwe niyat têtêp ora bakal nglakoni manèh (tmr. Agama Katulik).
ngakurake: kn. ngrujukake, nocogake; kc. akur.
ngakokake: I n. ngakênakên k. ak. akon ngaku marang; kc. aku. II n. ngakênakên k: agawe (njalari) kaku; kc. kaku.
ngakon: n. ngakèn k. ak. akon nindakake; kc. akon, kon.
ngakrakake: kn. nyuwèkake; kc. kakrak.
ngala: kn. njirêt nganggo kala; kc. kala.
ngala-ala: n. ngawon-awon k. ngrasani ala; kc. ala.
ngalabi: kw. ngêlêbi, mbanjiri; kc. alab.
ngalah: (-i) n. ngawon(-i) k: trima kalah; kc. kalah.
ngalakake: n. ngawonakên k. ngarani (nganggêp, njalari) ala.
ngalalake: kn. nganggêp (ngarani) kalal; kc. kalal.
ngalam: kn. ak. donga, jagat; [x]-i: mênangi, nglakoni dhewe; kc. alam.
ngalamat: kn. ak. 1 tandha bakal ananing lêlakon; 2 adrès; kc. alamat.
ngalani: n. ngawoni k. nindakake ala marang; ngalan-alani n. ngawon-awoni k: njalari ala; kc. ala.
ngalang: kn. 1 ak. ngêpung, ngupêngi; 2 êngg. (mlaku) ora têrus ngênêr kang dituju; kc. kalang.
ngalang-alangi: êngg. ak. mènèhi ujuran; kc. alang-alang.

ngalangi: 1 (n. mambêngi k) mêpêti, nyêgah; 2 kn. mêlani cicilan lsp; kc. alang.
ngalang sapisan: kn. ak. kaluputan kang sapisanan.
ngalap: kn. ak. njupuk, ngêpèk; kc. alap.
ngalap ati: kn. ak. ndhêmênakake, nyênêngake.
ngalap bêrkah: kn. nunut supaya katut olèh bêrkah.
ngalap-dho: kn. ak. ngrangkêp guru(-bojo, bêndara).
ngalap-gang: kn. ak. mbegal.
ngalap gawe: ([x] damêl k) êngg. ak. golèk panggawean.
ngalap-nyaur: kn. 1 njupuk dagangan sawise payu dianggo nyaur banjur njupuk dagangan manèh; 2 pc. pucêt bangêt (marga sêdhih lsp).
ngalap opah: kn. (mung marga) golèk opahan.
ngalap pulih: kn. ak. nêdya malês (mialani, matèni lsp).
ngalar: kn. 1 nguluri tali (tampar lsp); 2 ak. nguja hawa lsp; 3 ora ngopèni marang kang wadon (nanging durung dipêgat); kc. kalar.
ngalasake: kn. ak. ndadèkake alas.
ngalèki: kn. ak. nglunggèni; kc. kalèk.
ngalèn-alèni: kn. ak. ngêtrapi alèn-alèn (ali-ali).
ngalèni: kn. ndokoki kalèn(-an); kc. kalèn.
ngalêk: êngg. kn. mulêk (tmr. ambu).
ngalêm: kn. nyêbut kabêcikane (kaluwihane lsp) kc. alêm.
ngalêmbana: kw. ngalêm; kc. alêmbana.
ngalih: I n. pindhah k. ganti ênggon; kc. alih. II k: ngaro, ngloro, ngrong; kc. kalih.
ngalik-alik: kn. ak. galik-galik (tmr. swara).
ngalim: I (A) kn. ak. pintêr, ahli kawruh; [x]-ake ak: ngudi kawruh lsp; kc. alim. II [x]-i kn. ak: ngapura; [x]-an êngg: aja dadi atimu! (kanggo mangsuli yèn ora bisa wèwèh lsp).
ngaling: êngg. kn. mukir, selak; [x]-([x])-i: nutupi; kc. aling.
ngalisi: kn. ak. nyingkiri, nyimpangi; kc. kalis.
ngalitakên: k. nyilikake; kc. alit.
ngalualah: kn. ak. sêsambat.
ngalualam: kn. ak. dondoman kang alus.
ngaluamah: kn. ak. murka, ngangsa-angsa.
ngalub-alubi: kn. nggodhog janganan lsp. supaya êmpuk; kc. alub.
ngaluk-aluk: kn. adoh bangêt.
ngalum-alumi: kn. padha alum godhonge (tmr. têtuwuhan); kc. alum.
ngalun: kn. ak. ngombak, kaya alun; kc. alun.
ngalungi: kn. nangsangi ki. ngênggoni kalung; kc. kalung.
ngalup: kn. mbaung lsp. ngajap ora bêcik; kc. alup.
ngalurake: kn. ak. ngandharake urut-urutaning lêlakon lsp; kc. alur.
ngalo-alo: êngg. kn. kêpengin bangêt; kc. alo.
ngalok-aloki: êngg. kn. mbêngok ngelikake; kc. alok, êlok.
ngalon-aloni: kn. ak. kalawan alon ênggone nindakake; kc. alon.
ngalong: I êngg. kn. manjurung, nyumbang wong duwe gawe; kc. along. II tapa [x] kn. ak: tapa mung mangan wowohan; kc. kalong.

ngalor: n. ngalèr k. mênyang ing lor; [x]-ngidul pc: kosok balèn, akèh bedane; kc. lor.
ngam: (A) kn. ak. wong akèh (kang lumrah, umum).
ngamah-amah: kn. ak. kêpengin bangêt; kc. amah.
ngamal: I kn. 1 ngrêndhêm ing uyah (tmr. êndhog); 2 marêmi, mopok kang abuh; kc. amal. II (A) kn. ak: 1 panggawe bêcik; 2 ([x] kadonyan) bandha, kasugihan; [x]-i ak: ndanani; [x]-ake ak: nindakake panggawe bêcik.
ngamandaka: kw. gunêman gêgorohan.
ngamang-amangi: êngg. kn. ngagag-agagi; kc. amang.
ngamanca: kn. ak. manca nêgara.
ngamasake: êngg. ak. nyêmantakake; kc. kamas.
ngamat-amati: pc. namatake, ngulatake; kc. amat.
ngamati: kn. ak. maedahi, migunani; kc. amat, mat.
ngambah: kn. 1 tumapak ing; 2 ngliwati lsp. ing; kc. ambah.
ngambak-ambak: kw. gêgolongan ing êndi-êndi; kc. ambak.
ngambali: êngg. kn. nindakake manèh (kang kaping pindho); kc. ambal.
--- 376 ---
ngambani ~ ngampuni.
ngambani, ngambakake: n. miyari, miyarakên k. muwuhi (ngundhakake) amba.
ngambang: kn. 1 kumambang ing, mêncungul kumambang; 2 pc. ngaton; 3 (ut. [x]-ake) agawe kumambang; 4 ora ditêmêni; kc. kambang.
ngambar: kn. 1 sumêrbak wangi; 2 br. misuwur bangêt (jênênge); kc. ambar.
ngambara: 1 kw. mabur (ngambah) ing awang-awang; 2 kn. ak. lunga mrana-mrana; kc. ambara.
ngambat: (-i) êngg. kn. nyêndhal, narik; kc. ambat.
ngambèri: kn. ak. nglubèri, ngêlêbi; kc. ambèr.
ngambêki: kn. ambêk marang; kc. ambêk.
ngambêni: kn. ngêtrap ambên ing; kc. ambên.
ngambêngi: 1 k. ak. ngalangi; 2 ngêpung, ngupêngi; kc. ambêng, kambêng.
ngambêt: k. ngambu; kc. ambêt, ambu.
ngambil: kw. njupuk, ngêpèk; kc. ambil.
ngambili: ki. ak. ngabah-abahi, nglapaki; kc. kambil.
ngambyah-ambyah: kn. ak. dumunung ana ing êndi-êndi; kc. ambyah, ngêbyah.
ngambyang-ambyang: pc. byang-byangan mrana-mrana.
ngambyuri: kn. ambyur ing; kc. ambyur.
ngambyong: kn. ak. bêbarêngan nggrombol (ambyuk lsp).
ngamblah-amblah: pc. ngablah-ablah.
ngamblêgake: kn. ak. njalari (agawe) amblêg; kc. amblêg.
ngambu: n. ngambêt k. ngrasakake ambuning kêmbang lsp. sarana irung; kc. ambu.

ngambuhi: kn. ak. njalari kambuhan; kc. kambuh(-an).
ngambul: I (ut. [x]-i) kn. mèlu tumandang; kc. ambul, kambul. II êngg. kn. ora bingar, rèwèl; kc. ambul.
ngambung: kn. ngaras ki. nèmpèlake irung ing pipi lsp; kc. ambung.
ngambur: I kn. ak. ngambus; kc. ambur. II êngg. kn: nyêbar wiji ing pandhêdhêran; kc. ambur.
ngambus: kn. ngambu-ambu (tmr. asu lsp); kc. ambus.
ngambo: êngg. kn. masang lan mbèbèr layar; kc. ambo.
ngamboni: n. ngambêti k. 1 njalari mambu; 2 (ut. ngambokake) akon ngambu; kc. ambu.
ngambra-ambra: kn. 1 ak. wrata ingêndi-êndi, sumêbar; 2 nglantrah lan rowa bangêt; kc. ambra.
ngambrah-ambrah: êngg. kn. sumrambah, sumêbar; kc. ambrah.
ngambrêg-ambrêg: pc. akèh bangêt (ora tata).
ngame: kn. ak. tansah gunêman ngucapake kang dipengini; kc. ame.
ngamèk: pc. golèk, njupuk, ngêpèk; kc. amèk.
ngamêl-amêl: pc. mangan enak bangêt.
ngamêng-amêngi: ki. ndolani; kc. amêng-amêng.
ngamêr: kn. ak. têrus lumintu; [x]-amêr(-i) kw: ngenaki gunêm, (kalawan alus); kc. amêr.
ngamik-amik: êngg. pc. jajan; kc. amik-amik.
ngamikake: êngg. pc. ngêmungake; kc. mik.
ngamini: kn. muni amin, ngiyani; kc. amin.
ngamingake: êngg. pc. ngêmungake; kc. aming.
ngamis-amisi: kn. njalari amis; kc. amis.
ngamu-amu: kw. ngundhat-undhat; kc. amu.
ngamud: I (ut. [x]-i) kn. nglêbak-nglêbokake ing cangkêm; kc. amud. II êngg. kn: njupuk, ngêpèk; kc. kamud.
ngamuk: kn. nêmpuh (nrajang lsp) ora prêduli apa-apa; kc. amuk.
ngamuk-amuk: êngg. kn. nyamuk-nyamuk.
ngamus: kn. mangsak wlulang; kc. kamus.
ngamohake: kn. nyuwèkake jarit lsp; kc. amoh.
ngamongi: êngg. kn. nyugoni gêni; kc . among.
ngampad: kn. 1 mayat, njlampar; 2 nyawatake lsp. njlampar; kc. ampad.
ngampah: I êngg. kn. ngare. II kn: nyandhêt (hawa nêpsu); kc. ampah.
ngampak: kn. 1 namakake kampak; 2 maling bêbarêngan; kc. kampak.
ngampangake: kn. 1 ak. ngina, ngènthèngake, ngrèmèhake; 2 njalari ampang; kc. ampang.
ngampar: kn. ak. ngampad, njlampar, nyambêr; kc. ampar.
ngampêh: kw. ngampah.
ngampêli: kn. nêsêli (nèmplèki) urub-urub; kc. ampêl.
ngampêr: kn. 1 pc. mbalangake watu ing; 2 nguncalake bata lsp. ditampani wong liya; kc. ampêr.
ngampêt: kn. mêkak ambêkan lsp; kc. ampêt.
ngampil: 1 kn. (ngiringake) nggawa upacara lsp; 2 ak. ngrênggêr (pangkat lsp); 3 ki. nyilih, utang; kc. ampil.

ngamping-ampingi: kn. 1 ngayomi, njaga yèn ana pakewuh; 2 ngiringake kiwa têngên; kc. amping.
ngampiri: kn. mampir ing; kc. ampir.
ngampyak: kn. 1 ak. nêmpuh ora prêduli apa-apa; 2 ngênani lsp. sakênane bae; kc. ampyak.
ngamplèk: kn. cilik (tmr. klambi lsp); kc. amplèk.
ngamplèng: êngg. kn. nyêngkêlit kêris lsp; ing iringan; kc. amplèng.
ngamplêng: kn. ngantêm êndhas; kc. kamplêng.
ngamplik: êngg. kn. mung tumumpang ing pinggir; kc. amplik.
ngamplok: kn. nèmplèk ngêthapêl; kc. amplok.
ngamplopi: kn. nglêbokake ing amplop; kc. amplop.
ngampu-ampu: kn. ak. mêksa, nyawiyah-wiyah; kc. ampu.
ngampuh: pc. tansah mênang bae (tmr. ngabotohan); kc. ampuh.
ngampul: kn. ngambang; kc. kampul.
ngampuni: êngg. pc. ngapura; kc. ampun.
--- 377 ---
ngamput ~ ngantêp.
ngamput: êngg. kn. nglakèni; kc. amput.
ngamput-amputi: ora [x] ak. ora paja-paja mèmpêr; kc. amput.
ngampo: kn. gawe ampo; kaya warnane ampo; kc. ampo.
ngamprêng: êngg. kn. mêdhayoh sadhela.
ngamprêt: pc. cêkak bangêt (tmr. kathok lsp).
ngamrih: pc. mamrih, amrih.
ngana: n. ngatên k. pc. mêngkono, mêngkana.
ngana, nganah: êngg. mrana; kc. kana.
nganak: kn. nyêbut (kaprênah) anak; [x]-i n. nyarêmi k: mènèhi anakan (ngrèntêni); kc. anak.
nganal: pc. mlaku rikat.
nganam: kn. gawe gêdhèg lsp; kc. anam.
nganan: I pc. kanggo ngantêbake têtêmbungan ngêmu surasa wêlas, mêsakake lsp. II êngg. kn: nêngên; kc. kanan.
nganani, nganakake: n. ngwontêni, ngwontênakên k. mujudi, nyêdhiyakake; kc. ana.
ngandak: êngg. kn. andak iya!
ngandêl: I kn. 1 ngakoni yèn pancèn nyata; 2 pracaya, pitaya; kc. andêl. II [x]-i, [x]-ake kn. 1 marakake kandêl; 2 nguwatake; kc. kandêl.
ngandik: I kn. ak. mênthêlêng; kc. andik. II ngandik-andik pc: nangis ora mênêng-mênêng.
ngandika: ki. kandha, clathu; kc. andika.
ngandul: kn. mbandul njêngkangake (dilinggihake ing dhêngkul); [x]-andul: ngombak tmr. swara; kc. andul.
ngandonake: kn. ak. ngajêgake, nganggo padinan; kc. andon.
ngandrawina: kn. mangan enak; kc. andrawina.
nganja-anja: kn. 1 ak. mlaku njungkir tangane tumapak; 2 sênêng-sênêng; 3 êngg. sêngit; kc. anja.
nganjang-anjangi: kn. ngêtrapi anjang-anjang.
nganjati: êngg. kn. 1 mènèki; 2 nyrêmpêng. ngêpêng; kc. anjat.

nganjèni: kn. ak. nglakèni; kc. anji, lanji.
nganjèng: êngg. kn. lunga njagong; kc. anjèng.
nganjêlake: êngg. kn. ngajokake; kc. anjêl.
nganji: I kn. ak. nglakèni; kc. anji, lanji. II kn. nyêkuli nganggo kanji.
nganjingake: kn. nglêbokake ing; kc. anjing, manjing.
nganjir: pc. kaya anjir (ngadêg njêjêr); kc. anjir.
nganjlogi: kn. anjlog ing; kc. anjlog, jlog.
nganjuk: êngg. kn. tuku mbayar kèri; kc. anjuk.
nganjung: kn. ak. numpuk, ngundhung-undhung; kc. anjung, manjung.
nganjogake: kn. nêkakake ing; kc. anjog.
ngandhan-andhan: kn. ngombak (tmr. rambut).
ngandhani: n. nyriyosi k: nuturi, kandha marang; kc. kandha.
ngandhap: k. ngisor; ngandhap-andhap k. ak: ngasor-asor; [x]-i k: ngudhuni; [x]-akên k: 1 ngêdhunake, ngudhunake; 2 ngêndhèkake; kc. andhap.
ngandhar-andhar: kn. nglantrah bangêt (tmr. crita lsp); ngandharake: nyritakake kalawan rowa; kc. andhar.
ngandhas: kn. ak. têkan ing dhasar; kc. kandhas.
ngandhati: êngg. ak. nyandhati; kc. kandhat, sandhat.
ngandhêg: I kn. ak. ngêndhêg; kc. andhêg, êndhêg. II kn: 1 ak. ora pambêngan (ora nggarap banyu); 2 mêtêng.
ngandhêmi: kn. 1 ngakoni kalawan dhadhag; 2 ngantêpi; kc. andhêm.
ngandhih: kw. ngalahake; kc. êndhih.
ngandhug-andhug, ngandhuk-andhuk: êngg. kn. sumèlèh (nyèlèhake) têtumpukan.
ngandhungake: kn. nyimpên lsp. dianggo tandhon; kc. andhung.
ngandhut: kn. 1 nggawa (nyimpên) dilêbokake ing sabuk lsp; 2 ngrêndhêm sajroning ati; 3 ak. mêtêng; kc. kandhut.
ngandhok: pc. andhok ing; kc. andhok.
ngandhong: I kn. nunggang andhong; kc. andhong. II [x]-i êngg. kn: mbanjêli, nyulihi; kc. andhong.
ngane: pc. ngana (kanggo ngantêpake surasa).
nganèh-anèhi: kn. ora lumrah; kc. anèh.
nganêm-têngah: kn. ak. sabên (siji-sijine) kanêm têngah (5½).
nganiaya: kb. 1 milara; 2 nyiya-nyiya; kc. aniaya, kaniaya.
ngani-ani: kn. ak. ngênèni pari; kc. ani-ani.
nganu, nganoni: kn. nggêrtak; kc. anu.
nganut: kn. ak. manut, miturut; kc. anut, tut.
nganorake: kw. ngasorake (awak); kc. asor.
nganta-anta: kw. kêpengin bangêt (kumudu malês lsp); kc. anta.
ngantak-antak: kn. ak. kêpengin bangêt; kc. antak.
ngantang: êngg. kn. narang, nggantang; kc. antang.
ngantar-antar: kw. murub mubyar-mubyar; kc. kantar.
ngantarani: I n. ngantawisi k. ngêlêti; ngantarakake n. ngantawisakên k: nêtêpake kalawan kira-kira; kc. antara. II n. ngantawisi k: mratandhani yèn bakal; kc. antara.

ngantèk: êngg. pc. nganti, kongsi; [x]-ake n. ngantosakên k. ak: nyrantèkake; kc. kanti.
ngantèn: pc. pangantèn.
ngantèrake: kn. ak. njalari (agawe) antèr.
ngantêb: kn. ak. antêb.
ngantêg-antêg: kn. ak. nganti suwe; kc. antêg.
ngantêm: kn. 1 êngg. nyongkol, njotos; 2 pc. ngêntèkake kabèh, mblithuk; kc. antêm.
ngantênakên: êngg. k. nyrantèkake; kc. antên.
ngantêp: kn. nakoni têmên lan orane; [x]-i: ngukuhi panêmune (pasuwitane lsp); kc. antêp.
--- 378 ---
ngantêr ~ nganggur.
ngantêr: êngg. pc. ngêtêrake; kc. antêr.
nganti: I n. ngantos k. 1 ak. ngêntèni; 2 kongsi, tumêka (têkan, tutug) ing. II [x]-anti n. ngantos-antos k: ngarêp-arêp (ngêntèni) bangêt; kc. anti.
ngantih: kn. gawe lawe; kc. antih.
nganting: (i) êngg. kn. nimbang (bobot) nganggo traju; kc. anting.
ngantu-antu: kw. nganti-anti; kc. antu.
ngantuk: kn. kumudu-kudu arêp turu.
ngantukakên: k. ngulihake; kc. antuk.
ngantun: 1 kw. ninggal; 2 k. ngari; kc. antun, kantun.
ngantup: kn. namakake antup.
ngantoli: kn. ak. 1 ndokoki (ngêtrapi) antol; 2 êngg. nyangga, nyuwak; kc. antol.
ngantos: k. nganti.
ngantru: kn. nyongkèl nganggo antru; kc. antru.
ngantrogake: kn. ak. 1 ngoyog; 2 njalari kantrog; kc. êntrog.
ngantya: kw. nganti.
ngancab: kn. nyêrang kalawan kawanèn; kc. ancab.
ngancam: (-ancam) kn. bakal milara (midana;sp); kc. ancam.
ngancan-ancani: êngg. kn. nglêgakake waktu lsp. dianggo cêcawis lsp; kc. anca, ancan.
ngancang-ancang: kn. cêcawis duwe gawe lsp; ngancang-ancangi: nata jangkah (mundur) arêp mlumpat; kc. ancang.
ngancarani: kn. mbagèkake dhayoh; kc. ancara.
ngancari: I kn. ak. nojoh ing tumbak lsp; kc. ancar. II pc: ngancarani.
ngancas: 1 kw. nasak ngênêr; 2 nêdya ngênêr; kc. ancas.
ngancêngi: êngg. kn. nata nyênyawisake; kc. ancêng.
ngancêr: êngg. kn. ngadêg jêjêg, nganjir; ngancêr-ancêri: mènèhi (ndokoki) ancêr-ancêr; kc. ancêr.
ngancik: kn. ak. wiwit tumapak (ngambah) ing; kc. ancik.
ngancing: kn. nyindik (ngunci lsp) supaya ora kêna dibukak; kc. kancing.
nganclang: êngg. kn. têrus mlaku bantêr.
ngancug, ngancuk: êngg. ks. nyanggama; kc. ancug, ancuk.

ngancur: kn. ngrakêtake nganggo ancur; kc. ancur.
ngantha: kw. mêtha, nggantha; kc. kantha.
nganthal: êngg. kn. mlaku bantêr.
nganthèk: êngg. kn. dadi anthèk.
nganthèkake: kn. 1 (ut. nganthèni) ndadèkake kanthi; 2 nggamblokake ing; kc. kanthi.
nganthèk: (-i) kn. 1 njilidi buku lsp; 2 nguntingi, mbêntèli dadi ombyokan; kc. kanthèt.
nganthêng: kn. suwe ora obah-obah (nunggoni lsp); kc. anthêng.
nganthêr: kn. ak. nganyur (ngadêg).
nganthi: kn. 1 nganggo rewang; 2 nggandhèng; kc. kanthi.
nganthil: êngg. kn. 1 ora mbayar (nyaur) saperanganing pambayaran; 2 ak. gumantung ing; [x]-i: ndokoki kanthilan; kc. kanthil.
nganthing-anthing: pc. kathing-kathing.
nganthuki: kn. manthuk nyasmitani (naklimi); kc. anthuk.
nganthoki: kn. ndokoki anthok; kc. anthok.
nganthong: I êngg. kn. ngêmis; [x]-ake êngg: ngacungake tangan; kc. anthong, athung. II [x]-anthong kn. ak: nganthêng. III [x]-i kn: nglêbokake ing kanthong; kc. kanthong.
nganthor: êngg. kn. ngadêg nganyur.
nganyag: kn. mlaku têrus bae (murang tata); kc. anyag.
nganyaki: kn. ak. miwiti; kc. anyak.
nganyang: n. ngawis k. njaluk suda saka tawane; kc. anyang, ênyang.
nganyari: n. ngenggali k. nganggo lsp. kang kawitan; nganyar-anyari n. ngenggal-enggali k: duwe pratingkah lsp. beda karo adat sabêne; kc. anyar.
nganyèh-anyèh: êngg. kn. kakèhan rèwèl.
nganyêlake: kn. marakake anyêl; kc. anyêl.
nganyêng: êngg. kn. narik; kc. anyêng.
nganyêr: êngg. pc. ngadêg njêjêr (murang tata).
nganyi(h)-anyi(h): kn. kakèhan rèwèl.
nganyur: êngg. pc. nganyêr.
nganyut: kw. ngèli; nganyut-anyut kw: nênarik ati; kc. anyut.
nganyut jiwa: ([x] urip, [x] tuwuh) kw: nglalu.
nganyor, nganyot: êngg. pc. nganyêr.
ngangah-angah: kn. kêpengin (ngarêp-arêp) bangêt arêp mêmangan lsp; kc. angah.
ngangahi: êngg. mènèhi.
ngangasi: kn. nggêrtak marang; kc. angas.
ngangèli: kn. njalari angèl; kc. angèl.
ngangên-angên: kn. nggagas marang; kc. angên-angên.
ngangêni: kn. 1 marahi kangên; 2 kangên marang; kc. kangên.
ngangêt:(-i) kn. manasi supaya angêt.
nganggaki: êngg. kn. 1 ngagag-agagi; 2 anggak marang; kc. anggak.
nganggalake: êngg. ngènthèngake momotan lsp; kc. anggal.
nganggang-anggang: kn. nyêkêl lsp. ora diênêtake; kc. anggang.

nganggar: I kn. nggawa kêris ing anggar; kc. anggar. II kn. 1 nyilih (utang) dhuwit sadhela, nyêbrak; 2 êngg. tuku ora mbayar; kc. anggar.
nganggge: k. nganggo.
nganggêl: kn. mbêndung; kc. anggêl.
nganggêp: kn. 1 ngrêngkuh kaya (sêdulur lsp), ngarani yèn pancèn nyata lsp; 2 nganggokake (ngajèni) bêciking pasuwitane lsp; kc. anggêp.
nganggêr-anggêri: kn. nglarangi; kc. anggêr-anggêr.
nganggit: kn. 1 ak. ngronce kêmbang; 2 mujudake ana ing gagasan, ngreka-reka; 3 êngg. nggagas; 4 ngarang (layang lsp); kc. anggit.
nganggglah: pc. ngaglah.
nganggur: kn. ora tumandang ing gawe (nyambut gawe); 2 ora dianggo; kc. anggur.
--- 379 ---
nganggo ~ ngapêkir.
nganggo: n. nganggge k. 1 (ngagêm ki) migunakake; 2 (ngagêm ki) ngêtrapake ing awak (sandhangan lsp); 3 nglingkuhake dhuwit lsp; 4 (mawi k) mawa sarana: ora nganggo n. botên mawi k: tanpa; kc. anggo.
nganggon: (-anggon)i n. nganggèn(-anggèn)i k: ngêtrapake panganggo ing; kc. anggo.
nganggrah-anggrahi: kn. mêpêti nganggo anggrah-anggrah; kc. anggrah.
nganggrak: kn. nggêrtak, ngancam; kc. anggrak.
nganggrang: pc. dumunung ing papan kang dhuwur; kc. anggrang.
nganggras: kn. nggêrtak mêdèni; kc. anggras.
nganggrêg-anggrêgi: kn. ak. njalari ora bisa têrus; kc. anggrêg.
nganggrêng: êngg. kn. mênêng bae.
nganggrik-anggrik: pc. kuru bangêt.
ngangin-angin: kn. ak. 1 ngisis; 2 br. ngrungok-ngrukokake pawarta; kc. angin.
ngangka, ngangkani: êngg. ngangkah k. ngarah; kc. angka, arah.
ngangkal: êngg. kn. ngalang-alangi; kc. angkal.
ngangkani: kn. nyirèni angka; kc. ngangka, angka.
ngangkang: kn. nywara sêru (tmr. gamêlan).
ngangkas-angkas: kw. 1 mindêng, mênêng; 2 nggêgadhang; kc. angkas.
ngangkat: kn. 1 njunjung; 2 narik ngunggahake (jangkar lsp); 3 êngg. momot barang-barang; 4 ngunggahake pangkat; 5 (ut. [x]-i) ak: wiwit, miwiti; [x]-ake: mbudhalake; kc. angkat.
ngangkên: êngg. k. ngaku; kc. aku.
ngangkêri: kn. ak. nglarangi mlêbu; kc. angkêr.
ngangklèk: êngg. kn. nganggar kêris; kc. angklèk.
ngangklêng: êngg. kn. suwe bangêt ênggone ngêntèni lsp.
ngangklik-angklik: (ake) pc. nyèlèhake ing papan kang dhuwur; kc. angklik.

ngangklung: kn. ngunèkake angklung.
ngangkuh: kn. ak. ngrêngkuh; kc. angkuh.
ngangkus: (i) êngg. kn. ngganthol, ngêcis; kc. angkus.
ngangkod: êngg. kn. ngangkrok wit.
ngangkrang: êngg. kn. ngangrang.
ngangkrêng: pc. mêthêngkrêng; kc. angkrêng, êngkrêng.
ngangkrik-angkrik: kn. 1 mangklik-mangklik; 2 dhiri, pambêkan; 3 pc. mangkring (larang bangêt tmr. rêrêgan lsp); kc. angkrik.
ngangkruk-angkrukake: pc. nglinggihake lsp. ing papan kang dhuwur; kc. angkruk.
ngangkrok: kn. mènèk sikile mêthakol; kc. angkrok.
ngangkrong-angkrongake: êngg. nyèlèhake ing papan kang dhuwur; kc. angkrong.
nganglang: kn. ak. rondha, ngubêngi.
nganglèngake: kn. nilingake; kc. anglèng.
nganglêsake: kn. ak. njalari (agawe) anglês.
ngangluh, ngangloh: êngg. kn. sêsambat; kc. angluh.
ngangloh: êngg. kn. ora nganggo (nindakake) apa-apa.
nganguk-anguki: kn. ngungak arêp mêtuk;[5] kc. anguk.
ngangus: kn. 1 ngirêng nganggo angus; 2 mêtu anguse; kc. angus.
ngangrang: I (ut. [x]-anI kn. rangrangan (tmr. têṅunan). II kn. bngs. sêmut abang gêdhe.
ngangrêmake: kn. ak. nêtêsake êndhog; kc. angrêm.
ngangsa:(-angsa) kn. murka kumudu olèh akèh; kc. angsa.
ngangsab: pc. ngasab; kc. asab.
ngangsahake: kw. ngajokake pêrang; kc. angsah, mangsah.
ngangsalakên: k. ngolèhake; kc. angsal, olèh.
ngangsang-angsang: kn. ak. nggrangsang.
ngangsar: kn. angsar.
ngangsèk, ngangsi: pc. nganti.
ngangsêg: kn. maju nêsêg; kc. angsêg.
ngangslah: kn. narik pajêg; kc. angslah.
ngangslèkake: kn. ak. nyumurupi asline; kc. asli.
ngangslupake: kn. nglêbokake; kc. angslup.
ngangsu: kn. 1 golèk banyu; 3 ent. golèk kawruh (mêguru); kc. angsu.
ngangsul-angsuli: êngg. 1 mangsuli; 2 k. ngulih-ulihi; kc. wangsul.
ngangsur: I [x]-i kn. ak: mènèhi utangan (êmpingan); kc. angsur. II [x]-angsur kn. rêkasa bangêt ênggone ambêkan; kc. angsur.
ngangso: pc. ngaso; kc. angso.
ngangsokake: I kn. ngangsu kanggo ing liyan; kc. angsu. II pc: ngasokake; kc. angso.
ngangsoni: kn. ngangsu ing; kc. angsu.
ngangsrahake: I kn. ak. nglèmbrèhake lsp. kambah ing lêmah; kc. kangsrah. II êngg. pc: masrahake; kc. srah.
ngaub: kn. ak. ngeyub, ngayom; kc. aub.
ngauli: kn. nadari bakal midhang lsp; kc. kaul.
ngauningani: kw. wêruh; kc. uninga.

ngao: êngg. kn. gunêman ngoko.
ngaos: I k. ak. ngaji. II [x]-i k: ngajèni; kc. aji.
ngaoti: k. ngacèki; kc. kaot, kacèk.
ngapa: I êngg. pc. apa. II êngg: ana apa, geneya.
ngapakake: n. munapakakên k. nindakake kapriye; kc. apa.
ngapal: kn. mêtu kapale; kc. kapal.
ngapalake: kn. 1 nyinau (nggêgulang) nganti apal; 2 êngg. ngucapake wacan lsp. tanpa ndêlêng buku; kc. apal.
ngapan-apan: kn. wangun trapesium; kc. apan-apan.
ngapani: êngg. kn. nglapaki; kc. kapa.
ngapas: kn. nanduri kapas; kc. kapas.
ngapèl: kn. ak. ngulur prakara; kc. apèl.
ngapèn-apèni: kn. ak. rewang wong duwe gawe lsp; kc. apèn.
ngapêkir: kn. ak. ora nganggokake; kc. apêkir.
--- 380 ---
ngapêsake ~ ngasag.
ngapêsake: kn. njalari (agawe) apês; kc. apês.
ngapikake: kn. mbêcikake; kc. apik.
ngapilakên: k. ak. ngapalake; kc. apal.
ngapirani: n. ngapintêni k. njalari kapiran; kc. kapiran.
ngapit: kn. 1 nandhingi tikêl lorone (tmr. totohan); 2 (ut. ngapit-apit) ngiringake kiwa têngên; kc. apit.
ngapyuk: kn. nyiramake banyu lsp. ing rai; kc. kapyuk.
ngapkir: kn. ora nganggokake; kc. apkir.
ngaplak: I kn. ak. tuwa bangêt; kc. kaplak. II pc: nywara plak-plak (tmr. kêndhang). III pc: ngaprak.
ngaplik: pc. mung cilik (sathithik).
ngapluk: kn. mabluk.
ngapu: k. ngênjêt; kc. apu, ênjêt.
ngapur: êngg. kn. ngênjêti, nglabur; kc. kapur.
ngapura: n. ngapuntên k. mènèhi pangapura; kc. apura.
ngapurancang: kn. (linggih) tangane ditangkêbake; kc. kapurancang.
ngapus: I kw. 1 nalèni; 2 ngarang layang lsp; kc. apus. II [x]-i kn: nggorohi, mblithuk; kc. apus.
ngapokake: kn. ngajar lsp. supaya kapok; kc. kapok.
ngaprahake: kn. nglumrahake; kc. kaprah.
ngaprak: pc. mlayu bantêr.
ngaprès: pc. gabrès; kc. kaprès.
ngaprêt: kn. cêndhak (cêkak) bangêt tmr. lêngênan klambi lsp.
ngarab-arab: kw. murub mubyar-mubyar; kc. arab.
ngarad: kn. ak. 1 ngglandhang, nggèrèd; 2 mêksa akon nyambut gawe; kc. arad.
ngarag-aragi: kn. 1 milihi kang agal-agal (tmr. krikil lsp); 2 ngrêsiki sawah lsp; kc. arag.
ngarah: I n. ngangkah k. 1 mêndêng, nêdya; 2 njangka supaya bisa olèh (kêlakon lsp); kc. arah, êrah. II [x]-arah kn. (ngangkah-angkah k) ngati-ati; kc. arah. III êngg. kn: têka mêngkono!

ngarah apa: pc. mêngkono bae rak wis prayoga lsp.
ngarah ora: pc. gêlêm ora-ora.
ngarah pati: br. nêdya matèni.
ngarak: kn. ngêtêrake bêbarêngan wong akèh; kc. arak.
ngaral: (A) kn. alangan; kc. aral.
ngaramake: kn. nganggêp karam; kc. karam.
ngarani: n. mastani k. 1 nyêbut, njênêngi; 2 nganggêp, ndakwa; kc. aran.
ngarang: I n. ngawis k. 1 êngg. padha rontog godhonge; 2 (ut. ngarang-arangi) suda, dadi arang; kc. arang. II kn: 1 êngg. ak. ngira-ira; 2 nganggit layang lsp; kc. karang.
ngarangulu: kn. ak. ngêpèk tilas bojoning sêdulur; kc. karangulu.
ngaras: I ki. ngambung; kc. aras. II (A) kn. ak: dhamparing Allah; kc. aras.
ngare: kn. palêmahan rata, kb. pagunungan.
ngarèkake: n. ngantunakên k. 1 ninggal. ndokok ing buri; 2 nurahake; ngarèni n. ngantuni k. ak: dumunung ing buri; kc. kari.
ngarèt: I kn. mbusêk nganggo karèt. II kn: nglancipi potêlot.
ngarêm-arêmi: kn. agawe marêm; kc. arêm.
ngarêmi: kn. ak. karêm marang; kc. karêm.
ngarêng: kn. agawe arêng.
ngarêp: I n. ngajêng k. ngarsa ki. 1 ing papan kang diadhêpake, kb. ing buri; 2 kang dhisik; kc. arêp. II ngarêp-arêp n. ngajêng-ajêng k: ngêntèni (kalawan pamuji) supaya olèh (kêlakon); [x]-i n. ngajêngi k. ngarsani ki: gêlêm (arêp) ngêpèk lsp; kc. arêp.
ngari: n. ngantun k. njarag kari; kc. kari.
ngarih-arih, ngarihi: ak. kn. mêmiringi (ngarah-arah) kalawan alus supaya gêlêm nurut lsp; kc. arih.
ngaring-aring: kn. ak. dolan-dolan ngenggar-enggar ati; ngaring-aringi: ngênêng-ênêngi bocah nangis lsp; kc. aring.
ngaripi: (-ake) kn. njalari karipan; kc. arip.
ngarit: kn. golèk sukêt nganggo arit; kc. arit.
ngaryakake: kw. nggawèkake; kc. karya.
ngaru: kn. ngudhêg lan nyiram banyu (tmr. bêras kang diêdang); [x] napung pr: nindakake pagawean (nêmu rêribêd) bêbarêngan; kc. karu.
ngaru-biru: kn. ngrusuhi, ngganggu gawe; kc. aru-biru.
ngarug: kn. 1 kw. natoni; 2 mbludhukake lêmah kang kêmpêl; kc. arug.
ngaruhake: kn. nggênahake, nyatakake; kc. karuh.
ngaruh-aruhi: kn. ngajak gunêman; kc. aruh.
ngaruhara: kw. 1 njalari gègèr; 2 sêsambat; kc. ruhara.
ngarung: I kn. nuntun jaran (wong loro) kiwa têngên; kc. karung. II kn: madhahi ing karung; kc. karung. III êngg. kn. mênyang ing warung (têtuku); kc. warung.
ngarusi: êngg. kn. migunani, nindakake bêcik; kc. arus.
ngaron: pc. pangaron.

ngaroni: n. ngalihi k. ngêbut loro; kc. karo.
ngarot: êngg. kn. slamêtan ngarêpake nggarap sawah.
ngarsa: ki(kw). ngarêp; kc. arsa.
ngarsa-arsa, ngarsi-arsi: kw. ngarêp-arêp; kc. arsa.
ngartani: k. ak. ndhuwiti; kc. arta.
ngarti: n. ngartos k. ak. ngêrti.
ngartika: kw. nggagas (ngunandika).
ngas: kn. as.
ngasa: êngg. kn. apèk, golèk, arêp ngêpèk.
ngasab: I kn. nggosok nganggo barang kang kasar; [x]-i, ngasapi ak. nindakake kalawan kasar, gunêman kasar; kc. asab, kasab. II [x] pati br: ngajap pati.
ngasag: kn. golèk turahan pari kang mêntas diênèni; kc. asag.
--- 381 ---
ngasah ~ ngathok.
ngasah: kn. nglandhêpake lading lsp. sarana digosokake ing wungkal lsp; [x]-i: ngumbah (ngrêsiki) piring lsp; kc. asah.
ngasak: êngg. kn. ak. nggosok; kc. kasak.
ngasalake: kn. ak. nggênahake asale; kc. asal.
ngasar: I (ut. [x]-i) kn. nindakake (gunêman) kalawan kasar; kc. kasar. II êngg. kn: sêmbahyang ing wayah asar; kc. asar.
ngasatake: kn. ak. njalari (agawe) asat; kc. asat, sat.
ngasèk, ngasi: êngg. pc. nganti.
ngasèpake: kn. 1 njalari (agawe) kasèp; njarag supaya kasèp; kc. kasèp.
ngasih-asih: kn. ngrêrêpa kanthi têmbung manis; ngasihi: nrêsnani; kc. sih, asih, kasih.
ngasili: kn. ak. migunani; kc. asil, kasil.
ngasin: kn. ngrêndhêm ing uyah supaya asin; kc. asin.
ngasir-asir: êngg. kn. ngambu-ambu; kc. asir.
ngaskayani: kn. ak. mènèhi kaskaya; kc. kaskaya.
ngaslèkake: kn. ak. ngasalake; kc. asli.
ngasmani: ki. pc. nèkêni; kc. asma.
ngasmarani: kw. nêngsêmake; kc. asmara.
ngasngasan: êngg. kn. gasgasan.
ngasu: I êngg. kn. ngangsu. II [x]-asu pc: kêrêp ngadêg (lèrèn).
ngasungake: kw. mènèhake; kc. asung.
ngasut: kn. nguyêg (nata kartu); kc. kasut.
ngaso: kn. lèrèn, anggong; kc. aso.
ngasor:(-asor) kn. andhap asor; ngasorake: 1 agawe asor; 2 ngalahake; kc. asor, kasor.
ngasrahake: kn. ak. masrahake; kc. asrah.
ngasrêp: êngg. kn. nglakoni nyirik uyah; [x]-akên k: ngadhêmake; kc. adhêm, asrêp.
ngasta: ki. nyêkêl; kc. asta, cêkêl.
ngastawa, ngastuti: kw. ngalêm, mêmuji, nyêmbah.
ngatag: kn. akon (ngelingake) supaya tumandang; kc. atag.

ngatamake: kn. maca (korän) nganti katam; kc. katam.
ngatani: êngg. kn. nyandhêt, mênggak; kc. kata.
ngatap: kn. ak. têtumpukan rantap, sarwa tata; kc. tap.
ngatas: kn. ak. nêrang (munggah) marang dhêdhuwuran; kc. atas.
ngatèl: pc. jênak bangêt; kc. katèl.
ngatèn-atèni: kn. ak. mêmpêngake (ngêndêlake); kc. ati.
ngatèni: n. ngatosi k. nimbangi nganggo katèn; kc. kati.
ngatèri: (-ake) êngg. kn. ak. ngantèrake; kc. atèr.
ngatêkake: êngg. pc. ngatogake, nutugake nganti katog; kc. katêk.
ngatên: k. pc. ngene, ngono.
ngatêngi: kn. ak. ngratêngi; kc. atêng.
ngatêp: kn. mayu nganggo atêp.
ngatêr: (-ake) êngg. kn. ngêtêrake, nggawa (-mulih pari); ngatêri êngg: ngêtêri (mènèhi apa-apa marang); ngatêr-atêri: 1 nuduhake dalane; 2 ndokoki atêr-atêr; kc. atêr.
ngati-ati: n. ngatos-atos k. kanthi wêweka, ora sêmbrana; kc. ati.
ngatir: êngg. kn. ak. ora timbang ut. ora padha (pangêtrape lsp); kc. katir.
ngatirah: kw. abang (tmr. mata, nêpsu); kc. katirah.
ngatulake: kn. ngulinakake; kc. atul.
ngatur: I êngg. kn. nata, mranata; kc. atur. II [x]-i: 1 kn. ngundang, nyuruhi (kalawan ormat); 2 (ut. [x]-ake) ngunjukake, nyaosake ki: mènèhi, mènèhake; kc. atur.
ngaturi priksa: ([x] uninga) kn. awèh wêruh (kalawan ormat).
ngatut: kn. njarag katut; kc. katut.
ngatogake: kn. nindakake lsp. nganti katog; kc. katog.
ngatok: pc. ngaton; [x]-ake: ngatonake; kc. katok, katon.
ngaton: n. ngatingal k. mêtu lsp. nganti kêna didêlêng; [x]-i: katon marang (tmr. lêlêmbut lsp); kc. katon.
ngatosake: kn. agawe atos; kc. atos.
ngatos-atos: k. ngati-ati.
ngatosi: k. ngatèni; kc. kati, katos.
ngacaki: kn. ak. miwiti nindakake; kc. cak.
ngacang: kn. nanduri kacang.
ngacapara: êngg. kn. gunêman sêmbrana.
ngacar: I êngg. kn. 1 ngancab, nrajang; 2 ngancang-ancangi; 3 numbuk; kc. acar. II kn: olah acar.
ngacarani: kn. (ngancantêni k. ak) mbagèkake dhayoh; kc. acara.
ngacèki: n. ngaoti k. mènèhi kacèke (ora digawe padha); kc. kacèk.
ngacêng: kn. kaku (tmr. palanangan).
ngacip: kn. nyigar lsp. nganggo kacip.
ngacir: kn. katon dhuwur mung siji (tmr. wit lsp); kc. kacir.
ngacuk: êngg. kn. katon dawa maju (tmr. palanangan).
ngacung: kn. awèh sasmita sarana driji dicongatake; kc. acung.
ngaco: êngg. kn. 1 gunêman tanpa têgês; 2 goroh.
ngathah-athah: pc. têturon mlumah.
ngathahi: (-akên) k. ngakèhi(-ake); kc. kathah, akèh.

ngathak-athaki: kn. ndokoki athak-athak.
ngathang-athang: kn. têturon mlumah.
ngathar: I êngg. kn. mlayu bantêr. II pc: nguyuh (ngadêg).
ngathe-athe: êngg. pc. tata bêcik.
ngathêr: pc. sêmu ngadêg (tmr. palanangan).
ngathik: I kn. ak. nganggo rewang lsp; kc. kathik, pakathik. II [x]-athik kn: ngreka-reka, ngrumpaka; kc. athik.
ngathing-athingake: kn. ak. manggang lsp. ing; kc. athing.
ngathuh: pc. ngadhuh.
ngathuk: êngg. pc. gathuk.
ngathung: kn. ngulungake tangan (arêp nampani lsp); kc. athung.
ngathur: pc. ngadêg njêjêr, nganyur.
ngathok: pc. mung nganggo kathok; [x]-i: ngênggoni kathok.
--- 382 ---
ngathong ~ ngèjlègi.
ngathong: êngg. ngathung.
ngawadake: kn. ak. nyêngadèkake; kc. awad.
ngawag: kn. ngawur, mung kira-kira bae; kc. awag.
ngawahi: kn. ak. ngambani, ngombèri; kc. kawah.
ngawaki: kn. nyarirani ak. nylirani ki. nandangi lsp. dhewe; kc. awak.
ngawal: I kn. nyirig bantêr (tmr. jaran). II [x]-i kw: 1 ndaga, nêdya wani; 2 nanggulangi; kc. kawal. III [x]-i kn. ak: ngombèri; kc. kawal. IV [x]-i kn: nindakakake lsp. awal bangêt; kc. awal.
ngawani: n. nyiyangi k. ak. nindakake lsp. ing wayah awan; kc. awan.
ngawang-awang: br. mênyang (ngambah) ing awang-awang.
ngawaril: (A) kn. ak. alangan.
ngawasake: kn. namatake; kc. awas.
ngawasani: kn. ak. nguwasani; kc. kawasa, kuwasa.
ngawat-awati: kn. ngamping-ampingi lan namatake; kc. awat.
ngawe: kn. awèh sasmita (ngundang lsp) sarana tangan kumlawe; kc. awe.
ngawèhi: kn. ak. mènèhi; kc. awèh.
ngawekani: kn. mrayitnani; kc. weka.
ngawèr: kn. ak. saèm. nglawèr, nglèwèr.
ngawètake: kn. ak. njalari (agawe) awèt; kc. awèt.
ngawêl-awêl: êngg. ks. mangan.
ngawêng: (-i) kn. ak. ngubêngi; kc. kawêng.
ngawêr-awêri: kn. ndokoki awêr-awêr; kc. awêr.
ngawêt: I kn. ak. nggubêd. II kn: buntute ditêkuk ing sêla-sêlaning sikil buri; [x] lambene: lambene digêgêt (nêpsu); kc. kawêt.
ngawi: kw. ngarang têmbang; kc. kawi.
ngawigake: kw. ak. ngrêmitake gêgarapan; kc. awig.
ngawiyat: kw. awang-awang, langit.
ngawikani: kw. nyumurupi, mêruhi; kc. wikan.
ngawil: kn. ak. njawil; kc. kawil.
ngawin: I kn. 1 nyêkêl pitik kang dibêlèh; 2 ak. nggawa tumbak lsp; kc. awin, kawin. II kn: ningkahan karo; kc. kawin.

ngawing: kn. ak. nggawing.
ngawir-awir: kn. ak. kawir-kawir.
ngawis: I ak. ngawis-awisi k. ngarang-arangi; kc. arang, awis. II k: 1 nganyang; 2 êngg. ngarah; [x]-i k: nglarangi; kc. awis.
ngawiti: kn. miwiti; kc. awit, kawit.
ngawu-awu: I kn. ak. tansah têtakon marang asal-usule lsp. II êngg. kn. nyêbar wiji ing pandhêdhêran tanpa diêlêbi; kc. awu.
ngawud-awud, ngawut-awut: kn. 1 njuwing-juwing, ngudhal-udhal; 2 nyêbar mrana-mrana; kc. awud.
ngawug: êngg. kn. ngadhuk lêmah; kc. awug, mawug.
ngawug-awar: ngaub-(g)awar pc. ngawag, ngawur.
ngawul-awul: kn. ngudhal-udhal kapuk lsp; kc. awul.
ngawula: kn. ngabdi; kc. kawula.
ngawula-wisuda: kw. ngunggahake (njunjung) pangkat.
ngawuningani: kw. nyumurupi, mêruhi; kc. wuninga.
ngawur: kn. ngawag; kc. awur.
ngawur-awur: kn. nyawur-nyawurake; kc. wur, uwur.
ngawusake: kn. ak. ngapokake; kc. kawus.
ngawon: k. ngalah; kc. kalah, kawon.
ngawoni: I k. ngalani; kc. awon, ala. II k: ngalah; kc. kalah, kawon. III kn. ak: ndokoki awu; kc. awu.
ngaworake: kn. ak. nyampur karo; kc. awor, wor.
ngawrati: k. ngêboti; ngawratakên k: ngêbotake; kc. awrat, abot, bot.
ngawruhi: kw. nyumurupi; kc. kawruh, wêruh.
ngebahakên: k. ngobahake; kc. ebah, obah.
ngebarake: kn. ak. 1 ngatonake kapintêrane lsp; 2 nyêmantakake marang; kc. ebar, kebar.
ngebat-ebati: (-ake) kn. ngeram-eramake bangêt; kc. ebat.
ngèbègi: kn. ak. ngêtrapi èbèg (ing lapak); kc. èbèg.
ngèbèr: kn. ngêdolake panganan lsp; kc. èbèr.
ngèbêki: kn. ak. ngêbêki, ngêbaki; kc. èbêk.
ngeblat: kn. ak. ngênêr marang; kc. keblat.
ngèblègi, ngèblèki: êngg. kn. ndokoki èblèg.
ngeblong: pc. ngalah; kc. keblong.
ngêbor: (-i), ngeborake kn. 1 nyidhuki banyu dianggo ngêlêbi sawah; 2 golèk êmas ing kali lsp; kc. ebor.
ngebrakake: kn. njalari (agawe) ebra; kc. ebra.
ngèbrèk: pc. mlayu bantêr.
ngèbrèk-èbrèk: êngg. kn. nyuwèk-nyuwèk.
ngèbrèt: pc. wrata mrana-mrana (tmr. ambu kang ora enak lsp).
ngedab-edabi: kn. ak. ngebat-ebati, nggumunake; kc. ebad.
ngedan: kn. ethok-ethok edan; [x]-i: kedanan marang; kc. edan, kedanan.
ngede-ede: êngg. kn. ngiwi-iwi, ngece-ece; kc. ede.
ngèdèd: pc. sêmu ngulèt (tmr. gêgêr).
ngèdèk-èdèkake: pc. ngrêngkuh lsp. kaya dene kang èdi; kc. èdi.
ngèdêr: kn. ngera; kc. kèdêr.

ngèdêri: kn. ak. ngubêngi, kc. idêr.
ngeja: I kn. ak. nêdya, niyat; kc. eja. II kn: nyêbutake siji-sijining aksara ing tulisan; kc. eja.
ngejawantah: kw. katon mawujud (tmr. dewa).
ngèjèg: kn. 1 mlaku bantêr jangkahe ciyut; 2 bola-bali têka; kc. èjèg.
ngèjèk: êngg. kn. ngajak; kc. jèk.
ngèjès: êngg. pc. bêcik bangêt.
ngèjlègi: kn. bola-bali nêkani (nagih lsp); kc. èjlèg.
--- 383 ---
ngejrah ~ ngèmbèt(-èmbèt).
ngejrah: êngg. ak. ngetung, milang; kc. ejrah.
ngedhe: kn. ak. ngiwa (nganggo tangan kiwa); kc. kedhe.
ngèdhèl: êngg. kn. mbêdhèl; kc. èdhèl.
ngèdhèng: kn. katon ngêblak, mblakakake; kc. èdhèng, ngêdhèng.
ngèdhèr: I kn. ak. ngèdhèng, ngêdhèng; kc. èdhèr. II kn. ak: dolan-dolan. mlaku-mlaku; kc. kèdhèr.
ngèdhêp: kw. têluk, sungkêm marang; kc. èdhêp, kèdhêp.
ngedhumi: kn. ak. ngeyubi; kc. edhum.
ngegah-eguh: êngg. kn. ngigah-iguhake; kc. eguh.
ngegal-egolake: kn. ngobahake megal-megol; kc. egol.
ngegla: kn. katon cêtha; kc. egla.
ngegle, ngèglèh, ngèglèg, ngèglèng: pc. ngegla, katon cêtha.
ngeguh: (-ake) êngg. kn. ngiguhake; kc. eguh.
ngeguh: (-eguh)i kw. njalari owah; kc. keguh.
ngegoh: (-ake) êngg. ngiguhake.
ngegolake: kn. ngobahake bokong lsp; kc. egol, megol.
ngegosake: kn. ak. nyèlèhake lsp. megos; kc. egos, megos.
ngègrèk-ègrèk: pc. 1 nggraji lsp. nganti nywara grèk-grèk; 2 nyogoki, ngogrok-ogrok; kc. ègrèk.
(ngèh): di-[x]-i êngg. diwènèhi.
ngeyang: ki. ngêmbah; kc. eyang.
ngeyang-ngeyong: kn. ak. meyang-meyong (swaraning kucing).
ngèyèg: êngg. kn. mlaku-mlaku mrana-mrana (ngubêngi).
ngèyèk-èyèk: kn. ak. mèyèk-mèyèk (tmr. gêgêr).
ngèyèl, ngèyèng: êngg. pc. ngrèngkèl, nekad nggugu bênêre dhewe; kc. èyèl.
ngèyèn: êngg. kn. awèh, mènèhi.
ngèyèng: I êngg. pc. ngèyèl. II [x]-èyèng kn. nggotong royom, nggawa lsp. wong akèh; kc. èyèng.
ngeyub: kn. ngaub ing; kc. eyub.
ngeyog: pc. 1 nywara mak keyok (tmr. pitik kang kalah); 2 trima kalah; kc. keyok.
ngeyong: kn. ak. meyong (swaraning kucing).
ngeyor: kn. nywara sêru (tmr. kucing).
ngèk: I êngg. duwèk. II di-[x]-i êngg. 1 diwènèhi; didokoki. III pc: karêbèn. IV [x]-[x] pc: tansah nangis.

ngekadasa, ngeka-eka: êngg. ak. ngreka-ngreka, ngathik-athik; kc. eka.
ngekahi: kn. nylamêti kekahan; kc. kekah.
ngèkèk: I pc. ngguyu cêkakakan. II [x]-i pc: mènèhi. III [x]-èkèk êngg. pc: ngiris kaya sacaraning nggraji (marga alot); kc. èkèk.
ngèkèl-èkèl: êngg. kn. nggêgiro, mêmêdèni.
ngèkèn: (i) êngg. awèh, mènèhi.
ngèkèr-èkèr: êngg. pc. nyèkèr-nyèkèr; kc. èkèr.
ngèkès: kn. nggègès (watuke).
ngèkèt: kn. ak. krakêt, lèngkèt; kc. kèkèt.
ngèkêr: kn. ndêlêng nganggo kèkêr.
ngèki: êngg. mènèhi; kc. ngèk.
ngeklasake: kn. nglilakake kalawan eklas; kc. eklas.
ngèklèk:êngg. kn. ngguyu sêru; kc. ngèkèk, ngèkrèk.
ngèklèkake: pc. njalari kèklèk (marang mata); kc. kèklèk.
ngekrali: kn. ak. nêrangake; kc. ekral.
ngèkrèk: I (-èkrèk) kn: ngiris nyuwèk; kc. kèkrèk. II êngg. kn. ngguyu sêru; kc. ngèklèk.
ngèksi: kw. ndêlêng, nonton; kc. èksi.
ngèl: kw. sayah, kêsêl, rêkasa.
ngelah: êngg. pc. ngalah.
ngelang: kn. ak. nggodhog kilang; kc. kilang.
ngèlèdake: kn. ngêtokake ilat; kc. èlèd, mèlèd.
ngèlèg: (-èlègi) êngg. kn. 1 mbêbeda, mbêbêngèk; 2 ngiming-imingi; kc. èlèg.
ngèlèkake: kn. mbuwang ing kali lsp. supaya kèli; kc. kèli.
ngèlèk-èlèki: pc. n. ngalan-alani; kc. èlèk.
ngèlèr: I êngg. kn. nggaringake têmbako dijèmbrèng; kc. èlèr. II (ut. [x]-i) êngg. kn: nakêr krikil lsp. nganggo kothak; kc. kèlèr.
ngèlêbi: kn. ak. ngêlêbi; kc. êlêb.
ngèlêm: kn. ak. mblêdhês ing banyu; kc. kêlêm.
ngèlês: êngg. kn. ngilês, ngidak; kc. ilês.
ngèli: kn. ngatut ilining banyu; kc. kèli.
ngelikake: kn. mênging; ngeliki: elik marang; kc. elik.
ngeling-eling: n. ngèngêt-èngêt k. nggagas supaya bisa kèlingan; ngelingi n. ngèngêti k: eling marang; kc. eling.
ngèlmu: kn. (ngèlmi k): 1 kawruh (sêsurupan) mungguh ing sawijining bab; 2 kawruh kasampurnan (kawicaksanan); [x] basa: kawruh babagan basa; [x] alam: kawruh babagan kodrat; [x] bumi: kawruh babagan tanah-tanah lan kaanane; [x] kewan: kawruh bab kewan-kewan; [x] pamisah: kawruh bab jasad-jasad asal lsp; [x] têtuwuhan: kawruh bab tanêm tuwuh; [x] tuwa: ngèlmu kasampurnaning ngaurip; [x] wangun: kawruh bab pangetung jêmbaring lumah gêdhening wujud lsp; kc. 'ilmu.
ngèlu: kn. ak. mung manut bae; kc. èlu.
ngelo: kn. ak. ngulèt (tmr. kayu).
ngelok-eloki: kn. ak. nganèh-anèhi; kc. elok.

ngeloni: I kn. ak. ngiloni, mèlu ngrewangi; kc. èlu. II kn: ngukur nganggo elo.
ngemah-emahakên: k. ngomah-omahake; kc. omah-omah. ngeman: (-eman) kn. ngowêl; ngêmi-êmi; kc. emah.
ngemba: (-emba), ngembak êngg. kn. niru; kc. emba.
ngembali: êngg. k. ngopahi; kc. embal.
ngèmbèl-èmbèli: kn. ak. muwuhi; kc. èmbèl-èmbèl.
ngèmbèt: (-èmbèt) kn. ngatut-ngatutake, [ngatut-ngatut...]
--- 384 ---
[...ake,] nyangkut ing prakara; kc. èmbèt.
ngembong ~ ngengkrangake.
ngembong: êngg. kn. nangguli; kc. embong.
ngèmbrèh: pc. kangsrah ing lêmah; kc. èmbrèh.
ngèmbrèt: êngg. kn. lêlungan nyewa kreta lsp; kc. èmbrèt.
ngèmèl: pc. karêm bangêt, enak bangêt pamangane.
ngèmèn: êngg. awèh.
ngèmêngi: kn. ak. njalari bingung; kc. èmêng.
ngemut-emut: k. ngeling-eling; kc. eling, emut.
ngèmpèri: kn. ndokoki èmpèr; kc. èmpèr.
ngèmpêr-èmpêr: kn. arêp madhani, madhak-madhakake; ngèmpêri: mèmpêr karo; kc. èmpêr.
ngèmplèk-èmplèki: kn. ndokoki èmplèk-èmplèk; kc. èmplèk.
ngèmplok: pc. ngamplok ing; kc. èmplok.
(ngèn): dipun-[x] k. dingon; kc. angon.
ngenak-enak: n. ngeca-eca k. kalawan sakapenake; ngenaki sarak ak: nggampangake pêpacuhing anggêr-anggêr; kc. enak.
ngendahake: kw. ngurmati, nggatèkake, nggugu; kc. endah.
ngèndêlakên: k. 1 ngêndhêgake; 2 nglèrènake; kc. kèndêl, lèrèn êndhêg.
ngèndêli: k. nglèrèni; kc. kèndêl, lèrèn.
ngendrawila: (-wilis) kw: irêng gilap (tmr. rambut).
ngenjang, ngenjing: k. êngg. ngesuk; kc. esuk.
ngènjêpi: êngg. kn. ngèncêpi; kc. ènjêp.
ngènji: êngg. ak. nganji; kc. kanji.
ngenjiki: êngg. kn. niliki, marani; kc. kenjik.
ngenjingi: k. ngesuki; kc. enjing, esuk.
ngendhani: kn. endha nginggati; kc. endha.
ngendhangake: ki. (ngukum) mbuwang; kc. kendhang.
ngendhangi: êngg. kn. niliki, mriksa; kc. endhang.
ngèndhèl: ak. 1 kêkinthil, tutburi; 2 dadi tukang ngêdohake; [x]-èndhèl ak: ngèmbèl-èmbèli; kc. èndhèl.
ngèndhèr: pc. ngojahake, ngudhal-udhal wadi; kc. èndhèr.
ngendhut: êngg. pc. ngandhut; kc. kandhut.
ngendhong: êngg. kn. niliki (wong lara); kc. endhong.
ngene: I n. ngatên, ngètên k. pc. mêngkene. II ut. ngènèh êngg: mrene.
ngènèhi: êngg. mènèhi.

ngènèkake: n. ngatênakên, ngètênakên k. pc. nindakake kaya mêngkene; kc. kene, mangkene.
ngènèl: pc. mlaku rikat.
ngènèng-ènèng: êngg. pc. nyènèng ngiwa nêngên; kc. ènèng.
ngèni-èni:pc. ngêmi-êmi bangêt; kc. èni.
ngentasake: kn. ak. mbuwang bablas; kc. kentas.
ngèntên: I êngg. k. ngèri; kc. kèri. II [x]-i k. pc: nganakake, nganani; kc. èntên, ana.
ngentukake: êngg. pc. ngolèhake; kc. entuk, olèh.
ngèntunakên: k. ngèrèkake; kc. kèntun, kèri, kari.
ngentra: kn. ak. mêtha, ngentha; kc. entra.
ngèntrèsi: kn. nganaki dhuwit; kc. èntrès.
ngèncèk-èncèk: I êngg. kn. napèni; kc. èncèk. II kn. ak: ngèyèng-èyèng; kc. èncèk.
ngèncèng-èncèng: ngênêrake mèncèng; kc. èncèng, mèncèng.
ngèncèrake: kn. nyuwèrake; kc. èncèr.
ngèncès: êngg. kn. mèncèng; kc. èncès.
ngèncêpi: kn. mèncêp ewa marang; kc. èncêp.
ngencoki: kn. mencok ing; kc. encok.
ngencong: kn. nylêmpitake pucuking wiron ing sabuk; [x]-ake: nata mèncèng; kc. encong, kencong.
ngèncos: kn. ngiris lsp. mencong; kc. mèncos, èncos.
ngentha: (-entha) kn. 1 mêmêtha kaya, ngentra kaya; 2 nggagas-gagas; kc. entha.
ngènthèngake: kn. 1 agawe ènthèng; 2 pc. nganggêp ènthèng; kc. ènthèng.
ngènyèg: pc. mlaku rikat.
ngènylèg: pc. mlaku rikat.
ngenyutake: kn. ak. njalari (agawe) kenyut; kc. kènyut.
ngèngèhi, ngèngèhake: kn. 1 êngg. mènèhi; 2 nurahake kanggo sêdhiyan wong liya; ngèngèhan: turahan sêdhiyan wong liya.
ngèngèki: êngg. 1 mènèhi; 2 ndokoki.
ngèngèk-èngèk: kn. ngèkèk-èkèk; kc. èngèk.
ngèngèr: kn. ngabdi ki. mèlu marang wong liya dadi batur; di-[x]-i: diiloni.
ngèngès: pc. ngiris, mèngès; kc. èngès.
ngèngêt-èngêt: k. ngeling-eling.
ngengga-engga: êngg. kn. 1 ngangên-angên; 2 ngentha-entha; 3 nggagas marang; kc. engga.
ngenggalake: kn. ngrikatake; kc. enggal.
ngenggali: k. nganyari; kc. anyar, enggal.
ngenggar-enggar: kn. dolan-dolan nyênêngake ati; kc. enggar.
ngenggokake: kn. mutêr menggok; kc. enggok.
ngengingi: k. ngênani; kc. kenging, kêna.
ngèngkèkakên, ngèngkèn: (akên) k. ngongkokake, ngongkon(ake); kc. kongkon.
ngèngkèk-èngkèk: pc. rêkasa bangêt uripe; kc. èngkèk.

ngèngkèl: kn. nggêgêgi panêmune dhewe; kc. èngkèl.
ngèngkèl-èngkèl: pc. ora bisa obah (mlaku lsp); kc. èngkèl.
ngèngkèng: kn. 1 tansah njugug (tmr. asu); 2 ent. tansah nangis bae (bocah).
ngèngklèk: êngg. kn. nganggar kêris lsp; ngèngklèk-èngklèk: tansah nyangklèk (ngêmban bocah); kc. èngklèk.
ngengko: pc. nindakake bêbarêngan, sêkaitan; kc. engko.
ngengkolake: pc. ngenggokake gunêm lsp; kc. engkol.
ngengkongake: êngg. kn. ngenggokake, nêkuk; kc. èngkong, ingkong.
ngengkrangake: pc. ngunggahake sikil kang siji (nalikane linggih); kc. engkrang.
--- 385 ---
ngèngkrèg ~ ngèthèg.
ngèngkrèg: pc. cukat ênggone tumandang; kc. èngkrèg.
ngèngkrèng-èngkrèngake: kn. nyèlèhake ing pinggir; kc. èngkrèng, mèngkrèng.
ngènglèngake: kn. nisihake mènglèng; kc. ènglèng, mènglèng.
ngengoni: kn. ak. mengo ngênêr ing; kc. engo, mengo.
ngengosi: pc. mengo êmoh ngingêtake; kc. engos.
ngèngrèng: kn. 1 mbathik sasisih; 2 ngrancang layang lsp; kc. rèngrèng.
ngèngsêmi: êngg. pc. ngèsêmi.
ngèngsêrake: kn. 1 ngêlih, ngingsêd; 2 njalari kèngsêr; kc. ingsêr, kèngsêr.
ngèngsrèng: pc. tansah nganggo dandanan kang bêcik; kc. èngsrèng.
ngepahi: k. ngopahi; kc. epah, opah.
ngepang: kn. gawe kepang; [x]-i: ngêtrapi kepang; kc. kepang.
ngèpèhi: kn. èpèh marang.
ngèpèki: kn. ndokoki èpèk.
ngèpèt: kn. ak. namakake gêgêring tangan (sikil) ing; kc. kèpèt.
ngèpi-èpi: êngg. ak. ngimpi-impi; kc. èpi.
ngèplèh: kn. ora njêgragake kuping; kc. kèplèh.
ngepon: kn. ak. njêngêr, njêglêg; kc. kepon.
ngèprèt: pc. mlayu bantêr.
ngaprèti: êngg. kn. nyiprati; kc. kèprèt.
ngera: kn. ndêlêng kaya kera; kc. kera.
ngeram-erami, ngeram-eramake: kn. nggumunake bangêt; kc. eram.
ngerang-erang: êngg. kn. nyrêngêni sarta nyênyampahi; kc. erang.
ngeras: kn. 1 nêmbungake kanthi pêpindhan (upama); 2 nêmbungake nganggo têmbung kerasan; kc. keras.
ngerata: kn. nyurasa têgêsing têmbung; kc. kerata.
ngere: kn. dadi (kaya) kere.
ngèrèd: êngg. pc. nggèrèd; kc. èrèd.
ngèrèg-èrègi: êngg. kn. ngglêmbuk; kc. èrèg.
ngèrèk: kn. ngunggahake nganggo kerekan; kc. kèrèk.
ngèrèkake: I êngg. pc. n. ngantunakên k. ninggal; kc. kari, kèri. II kn. ak: ngunèkake (nganggêp) kaya kere; kc. kere.

ngèrèki: kn. ngubêngi (tmr. jago); kc. èrèk.
ngèrèni: êngg. pc. n. ngantuni k: têka lsp. kari; kc. kari.
ngèrèng: I kn. 1 ngêngkrik sêru; 2 pc. nangis sêru; 3 pc. nywara sêru; 4 pc. gunêman sajak nantang. II êngg. kn: 1 bêcik bangêt; 2 enak bangêt tmr. klêmbak lsp. III [x]-èrèng kn. ak: ngambah (ana ing) èrèng-èrèng.
ngèrèpi: kn. ak. ering marang; kc. èrèp.
ngèrès: êngg. kn. ngiris; kc. èrès.
ngèrèt: kn. nyilih; [x]-i: 1 nyilihi; 2 êngg. nyuda saka sathithik; kc. èrèt.
ngèrêmake: kn. njalari (agawe) kèrêm.
ngèri: I n. ngèntun k. êngg. pc: njarag kari; kc. kari. II êngg. kn: ngiwa; kc. kèri.
ngeringake: kn. ak. nisihake; kc. kering.
ngeringi: kn. ering marang; kc. ering.
ngerudake: kn. ak. ngèlèkake, njalari kerud; kc. kerud.
ngerul: kn. ak. mèncèng.
ngesahi: k. nglungani; kc. lunga, kesah.
ngèsèdi: kn. kêkèsèd ing; kc. kèsèd.
ngèsèr: (ake) kn. ak. nglèmbrèhake (ngangsrahake) mêmburi; kc. kèsèr.
ngèsès: pc. sarwa bêcik (enak).
ngèsêmi: kn. mèsêm marang; kc. èsêm, mèsêm.
ngèsi-èsi: kw. nyiya-nyiya; kc. èsi.
ngèslèm: êngg. pc. bêcik bangêt.
ngesuk: n. ngenjing k. êngg: esuk; [x]-i: têka lsp. ing wayah esuk; kc. esuk.
ngesod: kn. mlaku bokonge kambah lêmah; kc. kesod.
ngèstu pada: kw. nyêmbah ngabêkti; kc. èstu.
ngèstokake: kn. nggugu pitutur lsp; kc. èstu.
ngèstrèni: I k. madoni (sênêng ut. kaya wong wadon). II kw: nêkani (nunggoni, njênêngi); kc. èstri.
ngèstri: k: madon (sênêng wong wadon).
ngèstri pada: kw. nyêmbah, ngabêkti; kc. èstu.
ngèstha: kw. mêtha, ngentha-entha; kc. istha.
ngèsthi: kw. mêlêng, mikir marang; kc. èsthi.
ngetak: I êngg. ngetung; kc. etak. II êngg: ngidak; kc. etak.
ngetan: kn. mênyang ing wetan.
ngetang: (-i) k. ngetung(-i); kc. etang, etung.
ngete-ete: pc. mete-mete.
ngètèg: êngg. ak. ngatag; kc. ètèg.
ngètèk-ètèkake: pc. ngêtokake mete-ete; kc. ètèk.
ngètênakên: k. pc. mêngkènèkake; kc. kètên.
ngetung: (-i) n. ngetang(-i) k. milang; kc. etung.
ngetut: kn. ak. ngatut; kc. ketut.
ngetok: pc. n. ngatingal k. ngaton; kc. ketok, katon.
ngetol: kn. ak. katon rêkasa lakune; kc. ketol.

ngeton: pc. ngaton.
ngeca-eca: k. ngenak-enak; kc. eca, enak.
ngecak: êngg. kn. ngidak; kc. ecak.
ngecani: k. ngenaki; kc. eca, enak.
ngece-ece: kn. ngatonake ewa lan nyêpèlèkake; kc. ece.
ngècèk: I kn. gawe kècèk. II [x]-ècèk êngg. kn. nantang; kc. ècèk.
ngècèr-ècèr: kn. mbuwang mrana-mrana; ngècèri: mènèhi sathithik; ngècèrake: adol saka sathithik; kc. ècèr.
ngècu: kn. maling (wong akèh) kanthi pêksa; kc. kècu.
ngècok: êngg. kn. ngapusi; kc. kècok.
ngecom: êngg. kn. gunêman dhewe, clêmongan.
ngèthèg: pc. tansah miring, bering (tmr. layar, layangan lsp).
--- 386 ---
ngèthèh-èthèh ~ ngêbuk.
ngèthèh-èthèh: pc. têturon mlumah; ngèthèh-èthèhake pc: ngaton-ngatonake; kc. èthèh.
ngèthèk-èthèk: êngg. katon cêtha.
ngèthèkake: pc. mêngkènèkake; kc. kèthèk.
ngèthèng: I kn. ngèngkèl nggêgêgi panêmune dhewe. II [x]-èthèng êngg. pc: katon cêtha; kc. èthèng.
ngèthèr-èthèr: êngg. pc. nggawa mrana-mrana; kc. èthèr.
ngèthèrake: kn. njalari (agawe) kèthèr; kc. kèthèr.
ngèthèti: pc. mbèthèti.
ngethokake: kn. 1 ngatonake methok; 2 pc. nganggo tanggungan; kc. ethok, methok.
ngewahi: k. ngowahi; kc. ewah, owah.
ngewak: kn. 1 awangun jobinan (maju pat mleyok); 2 ak. agawe wangun pojok lancip.
ngewak-ewakake: kn. (pratingkahe) njalari ewa; kc. ewa.
ngewal: kn. 1 êngg. pc. mingêr, ngubêngake; 2 ngingêr kêris; kc. kewal.
ngewani: I kn. ewa marang; kc. ewa. II kn. ak: (tindake) kaya kewan; kc. kewan.
ngewangi: êngg. pc. ngrewangi; kc. ewang.
ngewas: kn. ak. ngênêr mèncèng.
ngèwèg-èwèg: êngg. kn. 1 tansah nggawa (mèlu nggawa); 2 ngèyèng-èyèng; kc. èwèg.
ngèwèhi: êngg. mènèhi.
ngèwèk-èwèk: kn. ak. ngèwèng-èwèng.
ngèwèl: kn. ak. ndhrêdhêg, wèlwèlan.
ngèwèng-èwèng: kn. nggèrèd (nyènèng) ngiwa nêngên; kc. èwèng.
ngèwèr-èwèr: kn. 1 nglèmbrèhake kèwèr-kèwèr; 2 ninggal kang wadon nanging ora dipêgat; 3 pc. ngomongake mrana-mrana; kc. èwèr, kèwèr.
ngèwès: pc. 1 tansah mili; 2 tansah omong.
ngèwêd-èwêd: (-i) k. ngewuh-ewuh(i); kc. èwêd, ewuh.
ngèwêg-èwêg: kw. ngewuh-ewuh.

ngewuh-ewuh: n. ngèwêd-èwêd k. agawe ewuh (kangèlan); ngewuh-ewuhi: ngrigoni, ngalang-alangi; kc. ewuh.
ngewok: kn. ak. ngewak.
ngewokake: kn. nglêbokake ing golongan; kc. èwu, ewon.
ngewrani: kw. ngrigoni, ngribêdi; kc. kewran.
ngêbabi: kn. ak. ndokoki bab; 2 (ut. ngêbabake) nêrangake sêbabe; kc. bab.
ngêbayan: (-i) kn. ak. dadi kêbayan.
ngêbak: I êngg. kn. dolanan ing banyu (langèn). II êngg. kn: ngrêsiki, ndhangir; kc. bak. III kn: nganggo bak (mangsi cina); kc. bak. IV [x]-i kn: ngisèni nganti kêbak; kc. kêbak.
ngêbali: kn. ngêpaki; kc. bal.
ngêban: (-i) kn. ngêtrap ban; kc. ban.
ngêbang: I n. ngabrit k. ak. ngabang; kc. abang. II kn: saguh bakal ngganjar; kc. êbang. III [x]-ake kn: nyimpên lsp. ing bang; kc. bang.
ngêbas: I (ut. [x]-i) êngg. kn. ngrêsiki sarana dikêbuti; kc. kêbas. II kn: 1 nêbas garapan; 2 mborong; kc. bas. III [x]-i pc: nglurahi (dadi bas); kc. bas.
ngêbat: I kn. ak. 1 ngrêsiki, ngêbutake; 2 nyirnakake; 3 nyolong, njupuk; mocot; kc. kêbat. II [x]-ake kn. ak: mbantêrake, ngrikatake; kc. kêbat.
ngêbèki: êngg. pc. ndhaku, nganggêp duwe hak; kc. bèk.
ngêbèri: pc. mêmènèhi marang; kc. bèri.
ngêbèti: kn. ak. nggraji tipis-tipis; kc. kêbèt.
ngêbêb: pc. tansah têrus nyêrèt.
ngêbêki: êngg. ak. ngêbaki; kc. kêbêk.
ngêbêsi: kn. nêlêsi; kc. kêbês.
ngêbêtake: kn. nyêblakakake suwiwi; kc. kêbêt.
ngêbihi: kn. nampakake sakramèn pangakuning dosa (RK); kc. bih.
ngêbiri: n. ngêbincih k. ngilangi pringsilan supaya ora bisa nurunake; kc. kêbiri.
ngêbis: kn. nunggang montor bis; [x]-ake: 1 nunggangake montor bis; 2 nyêmplungake layang ing bis; kc. bis.
ngêbyah: kn. ak. ngêndi-êndi ana.
ngêbyak: kn. 1 (ut. [x]-ake) ngêngakake amba, mbiyak amba; 2 nyabrang, nasak; 3 ak. ngiris (nyigar); kc. byak.
ngêbyar: pc. têkan ing wayah byar (nganti esuk); [x]-ake pc. ngêngakake (tangan, mata); kc. byar.
ngêbyuk: (-i) kn. ambyuk bêbarêngan ing; kc. byuk.
ngêbyung: pc. mibêr byung-byungan; kc. byung.
ngêbyur: pc. 1 (ut. [x]-i) ambyur ing; 2 nggawe byur, ngrata; [x]-i, [x]-ake pc: ngêpyuri, ngêpyurake; kc. byur.
ngêbyok: (-i) kn. ngilangi malam bathikan (babaran); kc. kêbyok.
ngêblad: kn. 1 nulis nganggo blad (dluwang garisan); 2 pc. nurun; kc. blad.
ngêblag: kn. mênga amba (lawang); [x]-ake: 1 ngêngakake amba; 2 ent. mbukak wadi; kc. êblag.

ngêblak: I pc. mênga amba (ora ditutup); kc. blak. II kn: mbêdhahi klambi lsp. nurun êblake; kc. êblak.
ngêblasake: pc. mbablasake.
ngêblègi: pc. madhahi ing blèg.
ngêblêgi: kn. nibani nganggo watu lsp; ngêblêgake: 1 nibakake (tmr. barang kang antêb); 2 mblêsêkake; kc. blêg, êblêg. II pc: ngêplêki (padha rupane).
ngêblêsake: pc. mblêsêkake; kc. blês, êblês.
ngêbluk: I kn. ngudhêg lan nyampur jladrèn lsp; kc. kêbluk. II pc. kêsèd; kc. kêbluk.
ngêblong: êngg. kn. lowah, suwung; kc. blong, êblong.
ngêbuhake: kn. mbubuhake pagawean; kc. buh, êbuh.
ngêbuk: I kn. nêpak (nggêbug) nganggo tangan diêgarake; kc. kêbuk. II [x]-ake kn: ngêdol lsp. supaya buk; kc. buk, êbuk. III [x]-i kn: nglêbokake (nyathêti) ing buku; kc. buk, êbuk.
--- 387 ---
ngêbuli ~ ngêjèri.
ngêbuli: kn. ngênakake kêbul ing; kc. kêbul.
ngêbun-êbunake: kn. nyèlèhake lsp. ing jaba ing wayah esuk supaya kêna ing bun; ngêbun-êbun esuk, ngudan-udan sore br: nakokake bocah wadon (nglamar); kc. bun, êbun.
ngêbung: kn. kaya bung, mêtu bunge; kc. bung.
ngêbur: I kn. ngudhêg sêru; kc. kêbur. II kn: njara nganggo bur; kc. bur. III [x]-ake kn: 1 ngêburake (barang gadhean lsp); 2 pc. nglilakake (wis êmoh nganggo lsp); kc. bur. IV [x]-ake pc. ngaburake; kc. abur, mabur.
ngêbut: I pc. ngrubut, ngruyuk; kc. but, êbut. II [x]-i kn: nepasi, ngangini; kc. kêbut.
ngêbo: pc. 1 kaya kêbo (sarwa aras-arasên, kêsèd lsp); 2 mbruwah mangan apa-apa (tmr. wong mêtêng); [x] pêlèn pc: nggugu sasênênge dhewe; kc. kêbo.
ngêbodi: kn. ngêsahi utang; kc. bod, êbod.
ngêbog: I pc. 1 nêbas; 2 mborong; kc. êbog. II [x]-ake pc: nibakake; kc. bog.
ngêbom: (-i) kn. namakake bom ing.
ngêbon: I kn. nênandur ing kêbon; [x]-ake ak: nyingkirake bojo; kc. kêbon. II kn: 1 têtuku mbayar kèri; 2 pc. lêngganan ing layang kabar lsp; kc. bon.
ngêbongake: êngg. nurokake bocah cilik.
ngêbor: kn. nulis ing bor.
ngêbos: kn. njêblug nywara mak bos.
ngêboti: n. ngawrati k. 1 muwuhi abote; 2 (ut. ngêbot-êboti) njalari (agawe) abot ut. rêkasa; kc. bot, abot, êbot.
ngêbrak-êbrak: kn. suwèk amba.
ngêbrèh: (-êbrèh) kn. mbuwang dhuwit tanpa tanja, boros; kc. êbrèh.
ngêbrêgi: kn. 1 pc. ngêblêgi; 2 pc. ngênggoni, ngandhoki; 3 (-sapapane) tuku (adol) omah sapakarangane; kc. brêg, êbrêg.

ngêbrês: pc. sanalika udan dêrês; kc. brês.
ngêbrug: kn. madhêtake lêmah lsp. nganggo brug.
ngêbruki: kn. ngrubuhi, ambruk ing; kc. bruk, ambruk.
ngêbrok: pc. 1 manggon (linggih) ora lunga-lunga; 2 bêbanyu; 3 bêbanyu manggon (marga lara lsp); [x]-i: 1 ngênggoni; 2 tuku (adol) omah sapakarangane; kc. brok, êbrok.
ngêdabul, ngêdablu: êngg. pc. omong gêgorohan.
ngêdak: (-i) kn. 1 êngg. ngidak; 2 ak. dak-mênang marang; kc. dak, êdak.
ngêdalakên: k. ngêtokake; ngêdali k. pc: ngêtoni; kc. mêtu.
ngêdalake: kn. ngucapake têtêmbungan; kc. kêdal.
ngêdandap: pc. gêdandapan.
ngêdang: n. mbêthak k. ngliwêt nganggo dandang; kc. adang, dang.
ngêdebag: pc. nggulung ngglebag; kc. gêdebag.
ngêdèbrèl: ks. omong.
ngêdèndèng: pc. mlaku solahe digawe-gawe.
ngêdêbus: pc. omong gêgorohan; kc. gêdêbus.
ngêdêgi: pc. nunggoni, nêkani (wong duwe gawe lsp); kc. adêg.
ngêdên: kn. nyêngkakake wêtuning sêsukêr (uyuh) sarana ngampêt napas; kc. êdên.
ngêdêng: êngg. kn. têturon; kc. kêdêngan.
ngêdêr-êdêr: kn. ak. adrêng bangêt; kc. kêdêr.
ngêdindang: kn. ak. mlaku sêmu lincak-lincak.
ngêdir: (-êdir)ake kn. ak. umuk (pambêkan) dening kaluhurane lsp; kc. êdir, dir.
ngêdu: n. ngabên k. narungake, nggathukake; kc. adu, êdu, du.
ngêdugani: n. ngêdugèni k. ak. kêduga (sênêng) marang; kc. kêduga.
ngêdul-êdul: pc. mêndul-mêndul; kc. kêdul.
ngêdum: kn. mbage wrata; kc. dum, êdum.
ngêdumêl: kn. grênêngan; kc. kêdumêl.
ngêdus: kn. nglapis ing mas (slaka); [x]-i: ngguyang; kc. dus, adus.
ngêdut: pc. sêndut-sêndut; kc. kêdut.
ngêduwêl: kn. mubêng ngluwêr (ilining banyu).
ngêduwul: kn. ak. grênêngan.
ngêduwungi: kn. ak. nggêtuni; kc. kêduwung.
ngêdobrol: pc. omong gêgorohan (umuk-umukan).
ngêdohi: n. nêbihi k. nglungani, nyingkiri; kc. adoh, doh.
ngêdol: n. nyade k. adol apa-apa (marang); kc. dol, adol.
ngêdomi: kn. ak. ndondomi; ngêdom-êdom ak: golèk katêrangan; kc. dom.
ngêdrèg: êngg. kn. ndondomi klambi lsp. (nganggo mêsin); kc. drèg.
ngêdrèl: (-i) kn. 1 mbêdhili (kanggo pakurmatan); 2 pc. njaluk lsp. adrêng bangêt; 3 pc. nyêrèt; kc. drèl.
ngêdrig, ngêdrik: pc. ngêcap (buku lsp); kc. drik.
ngêjabakake: n. ngêjawèkakên k. ora ngatutake kêpetung; kc. kêjaba.
ngêjak: pc. ngajak; kc. ajak.
ngêjanake: êngg. ak. ngakokake yèn nyata hake ...; kc. Jan.

ngêjani: kn. ngrêgani.
ngêjarake: êngg. kn. nguja, ngênêngake bae; kc. jar, êjar.
ngêjawa: n. ngêjawi k. br: mênyang ing tanah Jawa.
ngêjawèkakên: k. ngêjabakake; kc. kêjaba, kêjawi.
ngêjègi: êngg. kn. ngênggoni papaning liyan (ngêsur lsp); kc. jèg.
ngêjèk: (-i) êngg. ngajak; kc. jèk.
ngêjèkake: pc. ngijènake; kc. ijèn.
ngêjèn: kn. awangun kaya kêjèn.
ngêjèni: I pc. ngijèni; kc. ijèn. II pc: ngajèni; kc. aji.
ngêjèpi, ngêjêpi: kn. nyasmitani sarana kêdhèping mata; kc. kêdhèp.
ngêjèr: kn. 1 ngluluh; 2)ut. [x]-i) ngêjur sarana banyu; kc. jèr, ajèr.
ngêjèri: kn. ak. ngêjèpi.
--- 388 ---
ngêjibake ~ ngêgorake.
ngêjibake: kn. ak. mêsthèkake yèn mêsthi bakal kêlakon lsp; kc. wajib.
ngêjihake: pc. nanjihake; kc. jih, tanjih.
ngêjlègi: pc. ngêjègi; kc. jlèg.
ngêjlêgi, ngêjlogi: kn. anjlog ing; kc. jlog, anjlog.
ngêjujur: pc. ngêjojor.
ngêjum: (-i) kw. 1 nata; 2 mbênakake; kc. jum, êjum.
ngêjur: I kn. 1 ngrêmuk nganti ajur; 2 (ut. [x]-i) ngêjèri; kc. ajur, jur. II [x]-ake pc: 1 ngênêngake bae, nguja; 2 ngujurake; kc. jur.
ngêjojor: pc. nggêjojor.
ngêjogi: kn. 1 ngimbuhi (ngisèni lsp) kang wis êntèk; 2 pc. nalangi (mbayari) dhisik; kc. jog, êjog.
ngêjogake[6] : êngg. pc. njojohake; kc. joh.
ngêjokake: pc. ngajokake; kc. aju.
ngêjor: I (ut. [x]-ake) êngg. kn. nguja, ngênêngake bae; kc. jor. II [x]-i kn: nandhingi wani tuku luwih larang ut. ngêdol luwih murah; kc. jor.
ngêjrak: pc. anjrak ing.
ngêjrus: pc. nancêbake; kc. jrus, êjrus.
ngêdhabyah: pc. nggêdhabyah.
ngêdhag-êdhag: kn. ak. ngêblak ora tinutupan; ngêdhagake: 1 ngêblakake; 2 nglowongake pagawean lsp; kc. dhag. êdhag.
ngêdhakakên: êngg. k. ngudhunake; kc. udhun.
ngêdhangkrang: kn. linggih ing papan kang dhuwur; kc. gêdhangkrang.
ngêdhangsul: êngg. k. ngêdhêle; kc. kêdhêle.
ngêdhap: I kn. 1 nyiruk, nylorot (tmr. layangan); 2 pc. nggragap, rada wêdi. II [x]-i ki: ngicipi; kc. kêdhap, icip.
ngêdhaplang: kn. ak. ndhaplang.
ngêdharake: pc. mêdharake; kc. wêdhar.
ngêdhasih: kn. ak. muni kaya manuk kêdhasih.
ngêdhaton: br. bali (mlêbu) ing kadhaton.
ngêdhèdhèr: pc. dawa nglèmbrèh; kc. kêdhèdhèr.
ngêdhèm: (-i) êngg. kn. ngêdhèp, ndhèdhèki; kc. dhèm.
ngêdhèng: kn. ngêblak, ngèdhèng; kc. èdhèng, êdhèng.

ngêdhèngkrèng: pc. mêthèngkrèng, ngêdhangkrang.
ngêdhèp: I pc. ngêdhèm, ndhèdhèki; kc. dhèp. II pc: nahan (layang lsp). III [x]-i kn: awèh sasmita sarana kêdhèp.
ngêdhèr: kn. ak. ngêblak, ngêdhèng; kc. ngèdhèr, ngèdhèng.
ngêdhêg: (-ê)dhêgi kn. njalari dhêg-dhêgan.
ngêdhêkêl: pc. mêndhêkêl.
ngêdhêkês: kn. linggih mlipis (urmat bangêt).
ngêdhêle: kn. nanduri kêdhêle.
ngêdhêm: I kn. ak. ora lunga-lunga (ngalih-ngalih). II ut. [x]-ake n. ngasrêp(akên) k: agawe adhêm; kc. adhêm, dhêm.
ngêdhêmêk: kn. mlaku alon; kc. kêdhêmêk.
ngêdhêng: êngg. kn. têturon; kc. kêdhêngan.
ngêdhêngkrêng: pc. linggih ora lunga-lunga (obah-obah).
ngêdhêp: kn. ak. ngadhêp.
ngêdhêpêk, ngêdhêpês, ngêdhêprêk: kn. ak. linggih ngêdhêkês.
ngêdhêrake: kn. ak. njalari (agawe) kêdhêr.
ngêdhêt-dhêt: pc. ndhêdhêt saka sathithik.
ngêdhinake: êngg. pc. mènèhake (ndhinêsake) marang; kc. dhin.
ngêdhingkring: pc. saèm. ngêdhèngkrèng.
ngêdhuk: I kn. 1 êngg. pc. ndhudhuk; 2 njupuk sêga saka ing kêndhil (mêntas diliwêt); kc. kêdhuk. II [x]-ake pc: ngudhunake.
ngêdhunake: n. ngandhapakên k. pc. ngudhunake.
ngêdhung: kn. dadi (awangun) kêdhung.
ngêdhungkrung: kn. ak. linggih tumungkul (wungkuk).
ngêdhur: pc. têrus bae; kc. dhur.
ngêdhuwêng: kn. 1 mingêr; 2 menggok; kc. kêdhuwêng.
ngêdhuwêt: pc. tansah kêdhuwêtan.
ngêdhobyah: pc. dawa nglèmbrèh; kc. gêdhodhor.
ngêdhog: kn. matèni rajakaya (nyêmbêlèh); kc. dhog.
ngêdhok: I êngg. pc. andhok ing; kc. dhok. II êngg. kn: buruh nggarap (lan nanduri sawah); kc. kêdhok. III êngg. ak. nganggo (mbarang) topèng; kc. kêdhok.
ngêdhongkrong: kn. linggih mbungkuk; kc. kêdhongkrong.
ngêgak: I èngg. kn. nggêrtak; kc. agak. II êngg. pc. 1 ngira; 2 ngrèmèhake, mêsthèkake yèn mêsthi bisa. III [x]-ake pc: 1 mènèhake; 2 nggawakake; kc. gak.
ngêgangi: kn. 1 êngg. ak: nglowahi; 2 nglowongi; 3 merang-merang dadi gêgolongan (gang-gangan); kc. gang.
ngêgarake: kn. ngêbyakake payung (tangan lsp); kc. êgar, mêgar.
ngêgas: (-i) êngg. kn. nggêrtak (mêdèni).
ngêgèk: êngg. pc. gawe; [x]-ake êngg. pc: nggawèkake; kc. gèk.
ngêgèt: I kn. kalawan dadakan; ngêgèt-gèti: njalari kagèt; kc. gèt, kagèt. II [x]-i êngg. kn: nggolèki; kc. gèt.
ngêgêngakên: k. pc. nggêdhèkake; kc. gêdhe.
ngêglègake: pc. njêglègake.
ngêguk: pc. ngambung (têtêmbunganing bocah cilik); kc. guk.
ngêgulake: kn. nglêbokake bal ing gul.

ngêgul-êguli: kn. ak. nanggrok, magoli; kc. êgul.
ngêgungake: kn. 1 mbêndung supaya banyune mêgung; 2 ngunggul-unggulake (kaluwihane lsp); kc. gung, êgung, mêgung.
ngêgoh: pc. ngrogoh; kc. êgoh.
ngêgol: kn. 1 nyongkèl lsp. nganggo gol; 2 nggarap lêmah (diwalik); ngêgol-goli pc: njalari kagol, ngêndhêg-êndhêgi; kc. gol.
ngêgong: kn. nabuh gong; [x]-i: ngiyani; kc. gong.
ngêgopi: êngg. kn. lèrèn ênggone nggêgarap; kc. êgop.
ngêgorake: êngg. kn. nglêmparakake (têtanduran); kc. gor.
--- 389 ---
ngêgrès ~ ngêluh.
ngêgrès: êngg. kn. ngiris (nêtaki); kc. grès.
ngêgrêg-êgrêgi: pc. njalari mandhêg; kc. grêg.
ngêgrokake: pc. ngêgarake payung lsp; kc. êkrok.
ngêyêm-êyêmi: kn. ak. agawe ayêming ati; kc. yêm, ayêm.
ngêyog: kn. ngoyag-oyag wit supaya wohe lsp. gogrog; kc. yog, êyog.
ngêkad: kn. ak. ing watês; kc. kd.
ngêkahi: k. ngukuhi; kc. kêkah, kukuh.
ngêkap: k. ak. ngukup.
ngêkasi: pc. nyrêmpêng; kc. kas, êkas.
ngêkèhi, ngêkèhake: n. ngathahi, ngathahakên k. ngundhaki kèhe; kc. kèh, akèh.
ngêkèki, ngêkèni: êngg. n. mènèhi.
ngêkèn: k. ngêkon; kc. êkèn, êkon, kèn, kon.
ngêkêl: pc. gumuyu nganti kaku wêtênge; [x]-ake: matêngake sêga nganti punêl; kc. kêkêl.
ngêkêp: kn. 1 ak. ana ing sênthong lsp. ora lunga-lunga; 2 ngrangkul kapêtêkake ing dhadha; kc. kêkêp.
ngêkêr: (-i) kn. 1 nampar supaya kêkêr; 2 ak. nyimpên wadi lsp; kc. kêkêr.
ngêkês: I kw. nyimpên, nyinggahake; kc. kêkês. II [x]-i, [x]-ake kn: njalari kêkês.
ngêkir: kn. mriksa kasarasane lsp; kc. kir.
ngêkitan: kn. ak. pacandon; kc. kit.
ngêkul: kn. ngrèmèhake bangêt; kc. kul, êkul.
ngêkum: kn. ngrêndhêm ing banyu lsp; kc. kum, êkum.
ngêkur: (kur)i kn. ngundang pitik nywara kur-kur.
ngêkol: I kw. ngrangkul; kc. kol. II ut. [x]-i) kn: nylamêti wong mati mbênêri gêblage; kc. kol.
ngêkon: n. ngêkèn k. ngêndikakake ki. pc. akon; kc. kon.
ngêkop: I kn. ak. njupuk gêtih rêgêd sarana kop; kc. kop. II pc: mbijig bal; kc. kop.
ngêkrokake: pc. ngêgarake payung lsp; kc. êkrok, mêkrok.
ngêla: I kn. olah ut. nggodhog jêjanganan; kc. kêla. II [x]-êla kw: namakake têmbung manis; kc. êla.
ngêlab: kn. obah ngombak (mumbal-mumbul ing banyu); kc. kêlab.
ngêlah: (ake) kn. nggugatake; kc. kêlah.

ngêlak: I kn. krasa kumudu ngombe; [x]-i: njalari ngêlak. II (ut. [x]-i) kn: nganjingake lsp. nganggo lak.
ngêlam: kn. ngukuhake sarana kêlam.
ngêlapake: êngg. pc. ngilangake; kc. lap.
ngêlap-gang: kn. ak. ngalap-gang.
ngêlapi: kn. ngrêsiki nganggo lap.
ngêlar: I kn. ngambakake, njêmbarake; kc. êlar, mêlar. II kn. ak: kaya lar; [x] (-êlar)i ak: ndokoki lar (swiwi); kc. êlar. III [x]-i n. nguwawèni k. ak: nguwati; kc. kêlar. IV [x]-ake êngg. pc: ngrampungake; kc. kêlar.
ngêlat: I êngg. ak. narik wit (kang ditêgor) nganggo kêlat. II êngg. kn: ngêlèti; kc. kêlat, kêlèt. III [x]-i kn. ak: nglowongi; kc. êlat. IV [x]-ake kn: ngasèpake wêktune; kc. êlat.
ngêlèbi: kn. 1 nglubèri; 2 êngg. ngêsahi kabèh, nglunasi; kc. lèb.
ngêlèh: I êngg. pc. ngêlih ênggone; kc. lih, êlih. II êngg. kn: ngêlih.
ngêlèki: kn. mêlèk nunggoni wong lara lsp; ngêlèkake: ngêngakake mata; kc. lèk, êlèk, mêlèk.
ngêlèng: I kn. 1 mlêbu ing lèng; 2 ak. bolong kaya êlèng; kc. lèng. II [x]-i ks: ngandhani (nuturi); kc. kêlèng.
ngêlèr: kn. nyèlèhake wrata (ora tinutupan); kc. êlèr, lèr, anglèr.
ngêlès: I kn. ak. ngincêng (ngênakake) ing; kc. lès. II kn. ak: anglès. III [x]-i kn. ngêndhalèni, ngêlisi; kc. lès.
ngêlèt:I êngg. kn. ngrakêtake; kc. kêlèt. II ([x]-i) kn: 1 êngg. nyigar; 2 ngilangi kulite; kc. kêlèt.
ngêlêb: I êngg. kn. nginêb lawang; kc. lêb. II ([x]-i) kn: mbanyoni (ngêlêm, ngilèni) sawah, tanduran lsp; kc. lêb, êlêb.
ngêlêd: kn. 1 ngulu; 2 ks. mangan; kc. lêg. êlêg.
ngêlêm: I kn. 1 nyilêm ing; 2 ngêlêb; kc. kêlêm. II pc: ngalêm.
ngêlêng: I kn. 1 mêdêl jarit (digawe kêlêngan); 2 ngirêng kêris (tanpa pamor); kc. kêlêng. II [x]-ake pikiran: ngênêrake (mindêng) marang; kc. lêng, êlêng.
ngêlêr: I kn. ak. nduduti saka saêlêr; [x]-i: mbathik corak galêran; kc. lêr, êlêr. II [x]-êlêr êngg. kn. mangan, ngêlêg.
ngêlêt: kn. nyewa bêkakas (wluku, sapi lsp); [x]-i: ndokoki lêt, ngantarani; kc. lêt, êlêt.
ngêlidake: kn. nêrangake surasaning crita; kc. lid, êlid.
ngêlih: I n. mindhah k. nggawa ngalih, ngganti ênggon (jênêng lsp); kc. lih, êlih. II êngg. pc: luwe.
ngêlik: kn. sêru lan dhuwur (tmr. swara).
ngêlin: kn. mlipid; kc. kêlin.
ngêling: kn. 1 nganjingake wêsi sarana digêmblèng; 2 namakake kêling; kc. kêling.
ngêlirake: kn. nglirwakake, ora nggatèkake marang dhawuh lsp; kc. êlir.
ngêlis: I (ut. [x]-i) kn. ngêtrapi lis. II [x]-i kn: ngêndhalèni; kc. lis, êlis.
ngêlu: kn. puyêng ki. mumêt, lara êndhase.
ngêlub-êlub: pc. ngêlob-êlob.

ngêlud: I (ut. ngêlod) êngg. ak. ngoyak, nututi; kc. lud, anglud. II [x]-i kn: ngrêsiki nganggo kêlud; kc. kêlud.
ngêluh: I êngg. ak. sêsambat; kc. angluh. II [x]-i kn: masangi kêluh ing irung (rajakaya); kc. kêluh.
--- 390 ---
ngêluk ~ ngêmbus-êmbus.
ngêluk: kn. mbêngkêlukake; kc. êluk.
ngêlun: I kn. ak. 1 ngombak, gumulung kaya ombak; 2 nglumpukake (ngirup) wong-wong; 3 ngrampas, nêlukake; kc. lun, êlun. II [x]-ake ala: misuwurake yèn ala; kc. lun, kêlun.
ngêlungi: pc. ngulungi; kc. êlung, ulung.
ngêlur: pc. ngulur; kc. êlur.
ngêlus: kn. 1 nggosok supaya alus; 2 nindakake kalawan alus; [x]-êlus: ngusap-usapake tangan ing; kc. lus, êlus, alus.
ngêlus dhadha: kn. ngusap dhadha (marga krasa wêlas, mêsakake lsp).
ngêlob-êlob: pc. katon pucêt.
ngêlod: êngg. ak. ngêlud (ngoyak).
ngêlog: pc. ngêlêg, ngulu; kc. log.
ngêloh: I êngg. ak. sêsambat; kc. ngêluh. II [x]-ake kn: agawe supaya loh.
ngêlokake: kn. 1 ngarani yèn; 2 alok (mbêngok) yèn ana maling lsp; kc. lok, alok.
ngêloni: I kn. têturon nyandhing (ngêkêp) bocah lsp; kc. kêlon. II kn. ak; njalari ngêlu.
ngêlon: (ê)lon(-i) kn. nindakake kalawan alon; kc. lon, alon, êlon.
ngêlong: (-i) kn. nyuda, ngurangi; kc. long, êlong, kalong.
ngêlos: kn. ak. nguja; [x]-i: 1 ak. nglolosi; 2 ngijoli (nyauri) utang nganggo barang; kc. los, êlos.
ngêlot: kn. nyipat nganggo lot.
ngêma-êma: kn. ak. ngêmi-êmi bangêt, nguthun-uthun; kc. êma.
ngêmah: kn. mamah; kc. kêmah.
ngêmak-êmak: kn. ak. ngrayangi[7] ngêlus-êlus; kc. êmak.
ngêmal: I êngg. pc. ngêntèkake darbèking liyan; kc. êmal. II kn: 1 mola; 2 ak. ngetung-etung, ngira-ira; kc. mal, êmal.
ngêmalo: kn. nglapis nganggo kêmalo.
ngêmanak: kw. awangun (nywara) kaya kêmanak.
ngêmandhahake: kn. ngêlih mênyang ing; kc. kêmandhah.
ngêmandhang: pc. nywara kaya kumandhang; kc. kêmandhang.
ngêmanyu: kn. ak. mbiru bathikan lsp; kc. kêmanyu.
ngêmar-êmari: kn. ak. 1 krasa samar; 2 nyumêlangi, mbêbayani; kc. êmar.
ngêmaruki: kn. kumudu mangan akèh marga mêntas lara; kc. kêmaruk.
ngêmas: I kn. nyêbut mas. II [x]-ake kn. ak: nyêmantakake; kc. kamas.
ngêmasi: kw. mati.

ngêmat: I kn. ak. nênung, namakake kêmat; kc. kêmat. II [x]-i kn. ak: migunani; [x]-ake: ngrasakake têmênan; kc. amat, mat, êmat.
ngêmbah: kn. ngeyang ki. nyêbut (kaprênah) êmbah.
ngêmbak-êmbak: êngg. kn. ngrêmuk; kc. bak, êmbak.
ngêmbako: pc. nêmbako (nanduri têmbako); kc. bako.
ngêmbal: êngg. k. ngêmbul.
ngêmban: kn. 1 nggawa ing bangkekan nganggo slendhang; 2 kw. nglantarake (dhawuh); [x]-i: ak. momong; 2 nyulihi nindakake (marga kang wajib nindakake durung mangsa); 3 ngrewangi (mitulungi) wong prakaran; kc. êmban.
ngêmbani: I kn. ak. njalari kêmba; kc. kêmba. II kn: ndokoki êmbanan; kc. ngêmban, êmban.
ngêmbang: n. nyêkar k. 1 ak. kaya kêmbang; 2 (ut. [x]-i) ngrêngga lsp. nganggo kêmbangan; [x]-paèsi: mêtu kêmbange kang kawitan; [x]-i br: ngantarani, njlajati; kc. kêmbang, sêkar.
ngêmbar: kn. 1 ak. madhakake (barang loro); 2 nusoni dibarêng diombèni puhan; [x]-i: 1 madhani; 2 nandhingi; kc. kêmbar.
ngêmbara: pc. ngambara.
ngêmbat: kn. 1 mênthang (gêndhewa), ngayati arêp namakake tumbak lsp; 2 ngêntul-êntul pikulan (nyoba kuwat lan orane); 3 ent. ngrêmbug; kc. êmbat.
ngêmbèk: kn. 1 nywara êmbèk (wêdhus); 2 pc. ngalah; kc. êmbèk.
ngêmbèl: pc. katon padha nèmplèk lsp. akèh bangêt.
ngêmbêk: pc. akèh bangêt; kc. kêbak, kêbêk.
ngêmbêl: kn. dadi êmbêl.
ngêmbêni: kn. ngênggoni kêmbên; kc. kêmbên.
ngêmbêng: kn. ngêmot (kêbak) ing banyu; [x]-i, [x]-ake ki: ngêmoni, ngêmokake; kc. kêmbêng.
ngêmbêr: kn. rêmbês, mêtu banyune; kc. êmbês.
ngêmbil: êngg. kn. 1 njupuk; 2 mêthik, ngundhuh; kc. êmbil.
ngêmbyah-êmbyah: êngg. pc. 1 nindakake barêng; 2 nyampur, ngrampêd; kc. êmbyah.
ngêmbyak: kn. ak. nasak, nrajang; kc. êmbyak.
ngêmbyang-êmbyang: pc. ora têntrêm, ngambyang.
ngêmbyong-êmbyong: pc. mênganggoni sarwa bêcik.
ngêmblèg-êmblèg: kn. 1 ngêmpêl-êmpêlake lêmpung lsp; 2 pc. ngêmbyong-êmbyong; kc. êmblèg.
ngêmblog-êmblog: pc. marêmi (mupuri, mopok lsp); kandêl; kc. êmblog.
ngêmbuhake: pc. ngêbuhake marang.
ngêmbuhi: n. ngilapi k. ak. nyelaki, mitambuhi; kc. êmbuh.
ngêmbuk-êmbuk: kn. katon pucêt lan ora kêsêt pakulitane (marga mêntas lara lsp); kc. êmbuk.
ngêmbul: (ngêmbal k. ak) ngêmbuli kn. mèlu ngumpuli. ent. mèlu pêrang (kêrêngan lsp); [x]-ake êngg: nyampurake; kc. kêmbul.
ngêmbun: kw. 1 nyunggi, mundhi lsp; kc. êmbun.
ngêmbur-êmbur: pc. êmpuk gêmbur-gêmbur.

ngêmbus-êmbus: pc. ngêmbuk-êmbuk.
--- 391 ---
ngêmbut-êmbut ~ ngêmpot.
ngêmbut-êmbut: kn. ngêmpukake supaya mêmbut; kc. êmbut, mêmbut.
ngêmbok: kn. nyêbut êmbok.
ngêmbong: kn. ngêlêb ing banyu; kc. kêmbong.
ngêmbrah: pc. ingêndi-êndi ana.
ngêmbrêg: pc. akèh bangêt.
ngême: pc. mepe, ngêpe; kc. me.
ngêmèk: êngg. pc. 1 ngêpèk; 2 (ut. [x]-êmèk) ndumuk, nggrayangi; kc. mèk, êmèk.
ngêmèl: I kn. nglapurake marang; kc. êmèl. II [x]-ake kn: ngucapake donga lsp; kc. mèl, êmèl.
ngêmèni: êngg. mènèhi.
ngêmèrèni: ak. ngêmèrèkake kn. mèri marang; kc. mèri.
ngêmèt: êngg. ngêpèk, njupuk; kc. mèt.
ngêmêk-êmêki: kn. nyêkêl lan ngêlus-êlus; kc. êmêk.
ngêmên-êmênake: kn. mêrlokake bangêt (têmên-têmên); kc. êmên, têmên.
ngêmêndhir: (-i) kn. ngabani, manggêdhèni; kc. kêmêndhir.
ngêmêng: kn. ak. 1 ngêpèk (ora gêlêm mènèhake); 2 ora cêtha, ora gamblang; kc. kêmêng.
ngêmi-êmi: kn. ngeman-eman bangêt, nggêmatèni bangêt; kc. êmi.
ngêmik: pc. ngombe, nusu (têtêmbungan bocah); [x]-i pc. nusoni; kc. êmik.
ngêmil: (-i) kn. 1 mangan ditandho ing kêmilan (ut. ing wang); 2 ut. ngêmil-êmil) mangan saka sathithik; kc. êmil, kêmil.
ngêmin: kn. ak. 1 ngêpèk, ngêdhèp; 2 mèlu nganggo; kc. êmin.
ngêmingakên: k. pc. ngêmungake.
ngêmis: kn. njaluk dana; kc. êmis, kêmis.
ngêmiti: kn. njaga ing wayah bêngi; kc. kêmit.
ngêmu: kn. 1 ngêmot, isi (nanah lsp); 2 br. kêbak ing (ent. nandhang prihatin lsp); kc. kêmu.
ngêmud: kn. nglêbokake ing cangkêm; kc. êmud.
ngêmudhèni: kn. 1 mranata ênêring prau sarana kêmudhi; 2 ngêrèh; kc. kêmudhi.
ngêmulakake: kw. nyritakake saka kawitan; kc. kamulan.
ngêmuli: kn. nyingêbi ki. nutupi, ngênggoni kêmul; kc. kêmul.
ngêmum: pc. nunut njaluk bêrkah; kc. êmum, umum.
ngêmungake: kn. mligi mung; kc. mung.
ngêmuri: kn. masang mur ing.
ngêmut: kn. nglêbokake ing cangkêm; kc. mut, êmut.
ngêmohake: pc. nyuwèkake; kc. êmoh.
ngêmohi: I pc. êmoh, nampik; kc. êmoh. II kn: awoh akèh bangêt; kc. woh.

ngêmonah: kn. ak. 1 mangunah; 2 ngreka murih kêtêkan sêdyane; kc. kêmonah.
ngêmoni: kn. ngêmbêngi ki. kêmu (nganggo); kc. kêmu.
ngêmong: kn. momong, among; kc. mong.
ngêmor: (ake) kn. ak. 1 (ut. ngêmori) nyampuri; 2 nunggalake, nyampur; ngêmori(-turu): nyanggama; kc. mor, êmor, wor.
ngêmos-êmos: pc. ngêntèk-êntèkake darbèking liyan; kc. mos.
ngêmot: I n. ngêwrat k. 1 momotake ing; 2 ngisèkake ing (layang lsp); 3 pc. momot, isi (tmr. layang lsp); kc. mot, êmot. II êngg. kn: ngêmut.
ngêmpakake: kn. 1 ndumukake gêni ing, ndumukake ing gêni; 2 namakake gêgaman lsp; kc. êmpak, êmpan.
ngêmpal: k. ngumpul; kc. kêmpal, kumpul.
ngêmpani: êngg. kn. makani; kc. êmpan.
ngêmpèk: êngg. kn. 1 njupuk, ngêpèk; 2 nunut; [x]-êmpèk: 1 njêjaluk kanthi mêlas asih; 2 ngasih-asih; kc. êmpèk.
ngêmpèng: kn. nunut nusu (wong liya); [x]-i: nusoni anaking wong liya; kc. êmpèng.
ngêmpèsake: kn. njalari (agawe) kêmpès.
ngêmpêl: I kn. ak. padha rakêt akêmpêl; kc. kêmpêl. II [x]-i êngg. kn: ngampêli gêni; kc. êmpêl.
ngêmpêlu: pc. ngrêmpêlu.
ngêmpêt: pc. ngampêt; mlayu [x] pc: mlayu bantêr.
ngêmping: kn. njaluk êmpingan buruhan lsp; kc. êmping.
ngêmpir-êmpir: kn. cilik bangêt (tmr. wêtêng, marga ngêlih).
ngêmpit: kn. 1 nggawa dipèpèt ing cangklakan, mèpèt ing pupu; 2 pc. ngopèni, ngayomi; 3 ngêdolake wade lsp; kc. kêmpit.
ngêmpyangi: kn. mèlu ngombyongi; kc. kêmpyang.
ngêmpyèg: êngg. kn. mèlu ngênèni (ora mèlu nandur).
ngêmplah-êmplah: kn. ak. suwèk amba.
ngêmplak-êmplak: pc. mluwa ora ditanduri apa-apa.
ngêmplang: I kn. 1 ak. ngglanthang ing panasan; 2 êngg. pc. ora gêlêm nyauri utange; kc. kêmplang. II êngg. kn: ngêngakake amba (lawang); kc. êmplang.
ngêmplêp: kn. ngêpèk (ngingkêmi) darbèking liyan; kc. êmplêp.
ngêmplok: kn. (mangan) nglêbokake ing cangkêm; kc. êmplok.
ngêmplong: I (ut. [x]-i kn. nuthuki lawon lsp. supaya alus; kc. kêmplong. II êngg. kn: ngêngakake ngêblak (tmr. lawang).
ngêmpu: kn. awujud (dadi) êmpu.
ngêmpuk: pc. nglêmbuk; [x]-ake: njalari (agawe) êmpuk.
ngêmpul: kn. nabuh kêmpul.
ngêmpuni: k. pc. nguwisi; kc. êmpun, wis.
ngêmpus: pc. ndamu, nyêbul; kc. kêmpus.
ngêmput: (-i) kn. ak. nganti tutug (kêmput); kc. kêmput.
ngêmpog: pc. nganggo sandhangan ora ganti-ganti (nganti lawas); kc. êmpog.
ngêmpok: kn. ngêntut diambokake ing liyan; kc. êmpok.
ngêmpor: I kn. kumêbul (udud). II pc: nggêmbor.

ngêmpos: kn. ngêtokake napas; kc. kêmpos.
ngêmpot: êngg. kn. nyêrot rokok; kc. êmpot.
--- 392 ---
ngêmprah ~ ngênèmi.
ngêmprah: kn. ora sêtiti, mung sakêpenake bae; kc. êmprah.
ngêmprak-êmprak: kn. padha bênthèt.
ngêmprang-êmprang, ngêmpring-êmpring: kn. ak. mlayu rikat.
ngêmprèt: I (ut. ngêmprêt): nywara prêt-prêt (ngrèmèhake lsp); kc. êmprèt. II (ut. ngêmprêt) pc: mlayu bantêr. III kn: nywara prèt-prèt (tmr. gajah).
ngêmprok-êmprok: pc. ngêmprak-êmprak.
ngêmpros: êngg. pc. umuk, sugih omong gorohan; kc. kêmpros.
ngênak-ênik: pc. nata (ngetung lsp) kanthi ngati-ati; kc. ênak-ênik.
ngênakake: n. ngengingakên k. 1 nuju nganti kêna; 2 kêna ing, namakake ing; kc. kêna.
ngênali: I kn. ak. nêsêli ênal. II êngg. pc: nêpungi; kc. kênal.
ngênam: pc. nganam; kc. anam.
ngênani: n. ngengingi k. kêna ing, tumama ing.
ngênar-ênari: kn. ak. njalari ênaring ati; kc. ênar.
ngênasi: pc. muni nas.
ngêndap-êndip: êngg. pc. mêndap-mêndip.
ngêndat-êndat: êngg. pc. mêndat-mêndat.
ngêndèhake: êngg. ora nggape.
ngêndèli: êngg. kn. mêndèli; kc. êndèl, pêndèl.
ngêndêl: I kn. ngandêl marang, pracaya; kc. andêl, êndêl. II [x]-i kn. ak: manèni; kc. kêndêl.
ngêndêmi: kn. ngombèni lsp. supaya mêndêm; kc. êndêm, mêndêm.
ngêndêpake: pc. nylundêpake; kc. êndêp.
ngêndi: (ing-[x]) n. (ing-)pundi k. pitakon nggênahake panggonan; [x] ana n. pundi wontên k: mokal anane; (ing-)[x]-êndi: ing sabên panggonan; kc. êndi.
ngêndika: ki. kandha, clathu; ngêndikani k: ngandhani; kc. andika, kandha, clathu.
ngêndon: I ing-[x] kw. ing pungkasane, ing wasana; kc. êndon. II [x]-ake kn: nganggo padinan; kc. andon.
ngênjah-ênjah: êngg. kn. njlajahi; kc. ênjah, jajah.
ngênjak-ênjak: êngg. kn. ngidak-idak; kc. ênjak.
ngênjêti: kn. ngusari lsp. ênjêt.
ngênjir: pc. nganjir.
ngênjlogake: kn. ngudhunake; kc. anjlog.
ngênjong-ênjong: kn. ak. nglêlithing bocah; kc. ênjong.
ngênjot: kn. nggênjot; kc. ênjot.
ngêndhahi: pc. naklimi; kc. dhah.
ngêndhayah, ngêndhayur: kn. ak. gêdhe mblontrong (tmr. wêtêng).
ngêndhak: (ake) kn. 1 marèni (kamanuhan lsp), ninggal (pagawean); 2 nyandhêt (kanêpson lsp); kc. êndhak, mêndhak, kêndhak.
ngêndhal: kn. ana kêndhale.

ngêndhalèni: kn. 1 ngêtrapi kêndhali; 2 ak. ngapusi; kc. kêndhali.
ngêndhani: kn. mari mêmpêng; kc. mêndha.
ngêndhanu: kw. nggandhul apêtêng (tmr. mêndhung).
ngêndhang: kn. nabuh kêndhang.
ngêndhangsuli: k. ak. ngêndhalèni.
ngêndharati: kn. ak. nancang nanggo[8] tampar; kc. kêndharat.
ngêndhari: êngg. kn. ngandhani, nyritani; kc. andhar.
ngêndhat: I kn. nglalu; [x] tali murda br. nglalu sarana nggantung. II [x]-i kn: nglowongi; kc. kêndhat.
ngêndhe-êndhe: kn. ak. suwe anggone ngêntèni (ngarêp-arêp).
ngêndhèg-êndhèg: kn. ak. ngêmblèg-êmblèg (lêmpung lsp).
ngêndhèh: kw. ngalahake, ngundurake; kc. êndhèh.
ngêndhèkake: n. ngandhapakên k. nyêndhèkake; kc. êndhèk.
ngêndhèrèh: pc. nglèmbrèh.
ngêndhèrèk: kn. njêbèbèh mêgar (tmr. suwiwi); kc. kêndhèrèk.
ngêndhêg: kn. akon mandhêg; kc. andhêg, êndhêg.
ngêndhêki: êngg. kn. mêndhak ngurmati; kc. andhêk.
ngêndhêlong: pc. 1 kêndho mlêngkung (tmr. tali, tampar lsp); 2 ent. gêla, cuwa; kc. kêndhêlong.
ngêndhêm: kn. nyimpên (wadi, nêpsu); kc. êndhêm.
ngêndhêng: I kn. dawa bêbanjêngan (tmr. gunung); kc. kêndhêng. II [x]-êndhêng êngg. kn: katon akèh bangêt.
ngêndhêrêk: kn. nglumpruk, kurang sigrak.
ngêndhêt: êngg. pc. ngênthêt; kc. êndhêt.
ngêndhih: kw. 1 ngundurake; 2 ngalahake, ngasorake; kc. êndhih, kêndhih.
ngêndhil: kn. 1 growong awangun kaya kêndhil; 2 pc. nglumpuk; kc. kêndhil, êndhil.
ngêndhiti: kn. nyabuki nganggo kêndhit.
ngêndhuyuk: kn. ak. mbungkuk kabotan gendhongan.
ngêndhuk-êndhuki: kn. njontrot pitik supaya mara (sarana diathungi padha pitik); kc. êndhuk.
ngêndhukur: pc. katon têtumpukan akèh.
ngêndhuruk: kn. katon nglumbruk (nglêmpuruk); kc. kêndhuruk.
ngêndhut: kn. awujud êndhut.
ngêndho: kn. suda kakêncêngane; kc. kêndho.
ngêndhog: n. nigan k. 1 ngêtokake êndhog; 2 kaya êndhog.
ngêndhokake: I êngg. nyèlèhake, mapanake; kc. dhok. II ut. ngêndhoni kn: agawe kêndho.
ngêndhong: kn. ak. 1 nandho, nyandhêt; 2 nglêmparakake (nunggak) pagawean; 3 nandhêg (ora disahi, dibayari); 4 mambêg banyune; kc. êndhong, kêndhong.
ngêndhori: êngg. kn. ngêndhoni, ngêndhokake; kc. kêndhor.
ngêndhorok: êngg. kn. ngêndhuruk.
ngênèhi: pc. mènèhi.
ngênèk: I pc. dadi kênèk. II [x]-ake pc: ngênakake; kc. kêna. III [x]-i pc: mènèhi.

ngênèmi, ngênèmakên: k. ngênomi, ngênomake; kc. nom.
--- 393 ---
ngênèni ~ ngênthit.
ngênèni: kn. ngundhuh pari; kc. êni, panèn.
ngênèngake: pc. ngênakake; kc. kêna.
ngênèt: I pc. 1 nulis kang bêcik; 2 pc. macak bangêt; kc. ênèt. II [x]-i êngg. kn: ngênèki; kc. kênèk. III [x]-ênèt pc: mènèt.
ngênêb: I kn. 1 (ut. [x]-ake) nyarèhake supaya mênêb; 2 ent. nyarèhake ati (supaya mari nêpsu); kc. ênêb, mênêb. II pc: nginêb; kc. nêb, ênêb, inêb.
ngênêk-ênêki: kn. njalari ênêk (jijik); kc. ênêk.
ngênêm: kn. sabên (siji-sijine) ênêm.
ngênêngi: kn. mênêng ora mangsuli; ngênêng-ênêngi: ndolani bocah cilik supaya mênêng; ngênêngake n. ngèndêlakên k: 1 agawe mênêng; 2 ora gêlêm ngaruh-aruhi; kc. ênêng, mênêng.
ngênêr: kn. nuju; kc. ênêr, pênêr.
ngênês: kn. susah bangêt (sêdhih bangêt); [x]-ênêsi ati: marakake ngênês.
ngênêt: (ake) kn. mêtêkake supaya manêt; kc. ênêt, pênêt.
ngêni: I êngg. ak. ngênèni; kc. êni. II [x]-êni pc. ngèni-èni; kc. èni.
ngêningake: kw. mbêningake (pikiran lsp); kc. êning.
ngênis-ênis: êngg. kn. nggêbêg nganti mênis-mênis; kc. ênis, mênis.
ngênul: pc. nuthuk kêmiri kang diêdu; kc. kênul.
ngênut: êngg. kn. miturut, manut; kc. nut.
ngênomi: n. ngênèmi kaya wong ênom; ngênomake n. ngênèmakên k: 1 agawe ênom; 2 nganyarake (utang lsp); kc. ênom, nom.
ngênong: kn. nabuh kênong; [x]-i êngg: gawe kênongan sêga; kc. kênong.
ngênorake: kw. ngasorake (awak); kc. sor.
ngêntarani: n. ngêntawisi k. pc: ngêtarani; kc. kêtara.
ngêntas: (i) kn. 1 njupuk saka ing (banyu, anglo, pamemean lsp); 2 mitulungi saka ing (bêbaya, rêribêd); 3 ak. ngomah-omahake; kc. êntas, mêntas.
ngêntèk: I n. nêlas k. 1 tutug, têkan ing pungkasan; 2 pc. bangêt; [x]-ake: 1 ngrampungake (nganti êntèk); 2 ngatogake; kc. êntèk. II [x]-ake n. ngêntosakên k. nyarèhake supaya ngêntèni; kc. ênti.
ngêntèni: n. ngêntosi k. nunggu têkane; kc. ênti, anti.
ngêntih: kn. ngantih; kc. êntih, antih.
ngênting: pc. ngêntèk; kc. ênting.
ngêntul-êntul: kn. ngobahake mêntul-mêntul; kc. êntul, mêntul.
ngêntun: êngg. kn. nyèlèhake (ninggal); kc. êntun.
ngêntup: kn. namakake êntup; kc. êntup.
ngêntut: kn. sarib ki. ngêtokake êntut.
ngêntok, ngêntong: êngg. pc. ngêntèk.
ngêntol: kn. 1 êngg. ngêgol, nyongkèl (nganggo antru lsp); 2 api-api ora mènèhake supaya mundhaka panganyange; kc. êntol.

ngêntos: I êngg. kn. ngêntas. II [x]-i k: ngêntèni; [x]-akên k: ngêntèkake.
ngêntrag: kn. ak. ([x] kêndhali) nyêndhal-nyêndhal kêndhali.
ngêntrog: kn. ngoyog ngumbul-umbulake; kc. êntrog.
ngênca: êngg. kn. 1 matêsi; 2 ngrancang; kc. kênca.
ngêncang: kn. 1 êngg. pc. manthêng tali ngiwa nêngên; 2 nalèni (nêncang) kiwa têngên; kc. kêncang.
ngêncèng: kn. mbayar kropyok (ora utang); kc. kêncèng.
ngêncèti: kn. ngiris lsp. ing kêncèt; kc. kêncèt.
ngêncêbi: kn. ngugêmi panêmu lsp; kc. êncêb.
ngêncêng: kn. ak. mbênêr (lêncêng); [x]-i: 1 narik (nalèni lsp) kêncêng; 2 nindakake (nglarangi lsp) kalawan kêras (kêncêng); kc. kêncêng.
ngêncêpi: kn. ngugêmi panêmu lsp; kc. êncêp.
ngêncik: pc. tumumpang ing; [x]-i pc. numpangi (ngidak); kc. êncik.
ngêncit: I êngg. pc. ngêncit (nusu). II [x]-êncit êngg. kn. ngoyak-oyak; kc. êncit, uncit.
ngênclung: êngg. kn. nyêbar wiji pari ing lèlèran (tanpa didhêdhêr); kc. kênclung.
ngêncup: kn. 1 nyêkêl kinjêng lsp. nganggo driji loro; 2 pc. mbatang (cangkriman); kc. êncup.
ngêncong: êngg. pc. nutu pari; kc. kêncong.
ngêncot: kn. njêjêk lan ngênêtake (supaya mêndat lsp); kc. êncot.
ngêncrêt: êngg. pc. mlayu bantêr.
ngêncring: kn. ninthing dhuwit lsp; kc. kêncring.
ngênthahasa: kw. nyrêmpêng, ngêtog karosan.
ngênthak-ênthak: kn. mluwa tanpa têtanduran (tmr. palêmahan).
ngênthang: I kn. nanduri kênthang. II [x]-ênthang kn. 1 sumèlèh ora ditutupi (ora diopèni); 2 (padhang[x]) padhang jingglang; kc. ênthang.
ngênthar: I pc. nglênthar; [x]-ake êngg: nglêmparakake pagawean lsp; kc. ênthar, klênthar. II pc: mlayu bantêr; kc. nginthar.
ngênthèng: kn. nglêrêmake lalahan (sawah); kc. kênthèng.
ngênthès: kn. nuthuk nganggo kênthès.
ngênthêl-ênthêl: pc. kêklumpuk (nyèlèngi) saka sathithik; [x]-ake: 1 njalari (agawe) kênthêl; 2 ([x] rêmbug) ndadèkake (nggolongake) rêmbug; 3 pc. ndadèkake barang kang pangaji; kc. kênthêl.
ngênthêng: (-i) êngg. kn. ndokoki kênthêng.
ngênthêt: kn. 1 mathêt (nyuda) wêtuning swara; 2 pc. nyuda (ngêpèk) dhuwit kang pancèn kudu dibayarake kabèh; kc. ênthêt.
ngênthiyu: pc. nyrêmpêng bangêt.
ngênthik: kn. mêtu (ana) ênthike.
ngênthil: I pc. tansah nusu ora pisah-pisah saka ing pênthil. II êngg. kn: njupuk, nggawa lunga; [x]-ênthil pc: mbundhêli (diêmi-êmi); kc. ênthil, kênthil.
ngênthir: kn. nywara tmr. gangsir.
ngênthit: kn. ngêndhog sajabaning kandhang
--- 394 ---

(tmr. bèbèk); [x]-ênthit êngg. pc: 1 njupuk lsp. saka sathithik; 2 njolong barang kang cilik-cilik (ora pangaji); kc. ênthit.
ngênthu-ênthu ~ ngêpèl
ngênthu-ênthu: kn. mêrlokake têka (mrana lsp).
ngênthuyut: êngg. kn. kanthi rêrikatan.
ngênthul: êngg. kn. nglalu, nggantung.
ngênthung: kn. dadi ênthung (tmr. ulêr).
ngêntho-êntho: êngg. kn. ngoyak-oyak; kc. êntho.
ngênthong: I (ut. [x]-i) kn. nabuh kênthongan; kc. kênthong. II [x]-ênthong êngg. pc. padhang njingglang; kc. ngênthang.
ngênthos: kn. mêtu (ana) kênthose.
ngênyah-ênyah: pc. nyawiyah-wiyah.
ngênyak: (-ênyak) pc. ngidak(-idak); kc. nyak, cak.
ngênyami: kn. ngrasakake (ngicipi); kc. kênyam.
ngênyang: n. ngawis k. nganyang; kc. anyang.
ngênyèhi: kn. ngracik kinang; kc. kênyèh.
ngênyèk: (-ênyèk) kn. ngidak, mênyêt; 2 pc. ngrèmèhake; kc. ênyèk.
ngênyèt: pc. mènyèt, mênêt.
ngênyêt: kn. mênyêt; [x]-ênyêt: mijêti; kc. ênyêt, wênyêt.
ngênyit, ngênyut: pc. nusu; kc. kênyit.
ngênyu dênta: kw. kaya krambil gadhing (wanguning susu); kc. nyu.
ngênyuk: êngg. pc. nyunyuk.
ngênyung: êngg. kn. udud.
ngênyoh: I ki. êngg. 1 nyakot; 2 mamah; kc. kênyoh. II [x]-i êngg. kn. ngulungi (mènèhi); kc. ênyoh.
ngênyos: pc. nyiram gêni.
ngêng: kn. swara mbrêngêngêng.
ngêngahi: I kn. ak. wêgah marang; kc. ngah, êngah. II êngg: mènèhi.
ngêngani: pc. mêngani lawang; ngêngakake: mbukak lawang lsp; kc. wênga.
ngêngèhi: kn. 1 êngg. mènèhi; 2 ak. ngèngèhi.
ngêngèki: êngg. 1 mènèhi; 2 ndokoki.
ngêngèl-êngèl: kn. njalari angèl, agawe rêkasa; kc. angèl.
ngêngèn: k. ngêngon; kc. ngon.
ngêngêt: kn. nggodhog lsp. supaya angêt; kc. êngêt.
ngênggak-ênggak: kn. ak. tansah nggondhèli; kc. ênggak.
ngêngge: k. pc. ngênggo.
ngênggèn: k. ngênggon; [x]-i k: ngênggoni; kc. ênggon.
ngênggêng: kn. ngênêngake bae nganti suwe; kc. ênggêng.
ngênggêti: kn. 1 nyinggêt; 2 ndokoki ênggêt-ênggêt; kc. ênggêt.
ngênggihi: k. pc. ngiyani; kc. iya.
ngênggik-ênggik: pc. kuru bangêt; kc. ênggik, mênggik.
ngêngguh, ngênggoh: pc. nyêngguh, nganggêp; kc. êngguh.
ngênggo: n. ngêngge k. pc. nganggo; kc. anggo.
ngênggon: I n. ngênggèn k. ana ing ênggon (papan kono); [x]-i n. ngênggèni k: ndunungi, manggon ing; kc. ênggon. II [x]-ênggoni n. ngênggèn-ênggèni k. pc: nyandhangi; kc. anggo.

ngênggrêg-ênggrêgi: pc. njalari (marakake) mandhêg; kc. ênggrêg.
ngênggrik-ênggrik: pc. kuru bangêt.
ngêngik: kn. ak. nêrak; kc. êngik.
ngêngis-êngis: kn. nyênyênggring nyêrik-nyêrikake; kc. êngis.
ngêngkab: kn. mbukak, ngungkabi; kc. êngkab, mêngkab.
ngêngkêngi: pc. 1 nggujêngi; 2 ngukuhi, ngugêmi; kc. kêngkêng.
ngêngkir: (-i) êngg. kn. ngêntas (memean lsp); kc. êngkir.
ngêngklèk-êngklèk: kn. mbopong lsp. digawa mrana-mrana; kc. ngèngklèk-èngklèk.
ngêngkuk-êngkuk: kn. 1 nêkak-nêkuk gulu (gêgêr lsp. nalikane ndadah bayi); 2 pc. akon tumandang lsp. tanpa lèrèn, ngingêl-ingêl; kc. êngkuk.
ngêngkoh: êngg. kn. umuk, angkuh.
ngêngkoki: kn. 1 ak. ndhaku, ngaku; 2 ngakoni, ngugêmi; kc. êngkok.
ngêngkos: kn. ak. nggêrtak.
ngêngkrêng: pc. linggih mênêng bae; [x]-ake: numpangake cèrèt lsp. ing anglo (kêrên); kc. êngkrêng.
ngênglêng: kn. owah pikirane (gêndhêng) dening kedanan (kabotan ngèlmu); kc. lênglêng.
ngêngum: êngg. kn. ngêkum.
ngêngon: n. ngêngèn k. 1 angon (rajakaya lsp); 2 ent. ngulat-ulatake; kc. ngon, angon.
ngêngrêmi: kn. ndhêkêmi êndhog supaya nêtês; kc. angrêm.
ngêngrêng: kn. katon bêcik (nyênêngake).
ngêngsu: êngg. pc. ngangsu; kc. angsu.
ngêpah: kn. mamah disêsêp banyune; kêpah.
ngêpak: I pc. 1 ngêgak; 2 ngrèmèhake, nyêpèlèkake; kc. êpak, pak. II kn: mbuntêli; kc. pak. III kn. ak: 1 majêgi (candu); 2 nêbas. mborong kabèh; kc. pak, êpak.
ngêpal: I kn. 1 mêthèk bêgja cilakane (sarana kartu lsp); 2 pc. mêsthèkake yèn ora bisa, ngina, ngilani; kc. pal, êpal. II êngg. kn. nglakokake prau (layar) nungsung angin ngèncèng-èncèng.
ngêpalani: êngg. pc. nglurahi, manggêdhèni; kc. kêpala.
ngêpan: kn. manggang roti, lsp. ing pan; kc. pan.
ngêpang: I kn. cêcawangan, mêtu (ana) pange; kc. pang. II k: ngêpung; kc. kêpang, kêpung.
ngêpas: pc. trêp (têkane lsp); [x]-ake pc: notohake kabèh, ngêtrêpake; kc. pas.
ngêpat: n. nyêkawan k. sabên (siji-sijine) papat.
ngêpe: kn. mepe ing panasan; kc. êpe.
ngêpèh: êngg. kn. ngêpah; kc. kêpèh.
ngêpèk: I n. mêndhêt k. mundhut ki. 1 ndarbèni; 2 ndadèkake (anak, bojo lsp); kc. pèk, êpèk, apèk. II [x]-i pc: nyathêti; kc. kêpèk.
ngêpèl: kn. ngrêsiki nganggo gombal lap têlês; kc. êpèl.
--- 395 ---
ngêpèn ~ ngêrêm.
ngêpèn: kn. nulis nganggo pèn.

ngêpenakake: n. nyêkecakakên k. agawe kêpenak.
ngêpèncutake: kn. ak. nênarik ati; kc. kêpencut.
ngêpès: I kn. matêngake sarana dibuntêl ing godhong banjur dipanggang; kc. pès. II êngg. kn: ngrèmèhake, nyêpèlèkake, ngina.
ngêpêl: kn. nggêgêm (tangan), nyêkêl sêga lsp. digêgêm; kc. kêpêl.
ngêpêng: kn. nyrêmpêng, kalawan mêmpêng; kc. pêng, êpêng.
ngêpêp: kn. nutup rapêt (supaya ora kanginan); kc. pêp.
ngêpêti: kn. nepasi nganggo kêpêt.
ngêpik-êpik: pc. ngowah-owah (nganggo lsp); kc. êpik.
ngêpil: pc. kaya pil (kênini).
ngêpinjal: kn. mêncolot (kaya kêpinjal).
ngêpingake: I kn. nangkarake, ngambalake; kc. ping. II ut. ngêpingna êngg: ngêmungake.
ngêpiping: kn. ak. njêpiping (tmr. kuping).
ngêpipir: pc. gêtêr, nggêbibir.
ngêpir: pc. mêntul-mêntul (kaya pir).
ngêpisake: pc. ngrèmèhake (pitutur lsp); kc. pis.
ngêpithing: pc. njapit, mithing; kc. kêpithing.
ngêpyakake: I êngg. nggêbyag-nggêbyag (gêdhèg lsp); kc. kêpyak. II kn: 1 pc. ngumumake ing akèh; 2 nêtêpake kanthi sêmuwa; kc. kêpyak.
ngêpyuri: kn. 1 nyirami saka sathithik; 2 mènèhi pangan marang pitik lsp; 3 pc. ngingoni, nulungi pangan; kc. kêpyur.
ngêpyok: kn. ak. nggêpyok, nyampyuk; kc. kêpyok.
ngêplak: (i) pc. nabok(i); kc. kêplak.
ngêplang: I pc. nggantung (nyanthèlake) sandhangan ing; kc. plang. II êngg. kn: ngêblakake (lawang lsp); kc. plang, plong.
ngêplas: pc. lunga blas; kc. kêplas.
ngêplèk-êplèk: kn. mbanting (nyabêtake) ing lêmah; kc. kêplèk.
ngêplêki: (ngêplêngi, ngêplêsi pc) kn. madhani trêp; kc. plêk.
ngêpluk: I pc. nglêmbutake prongkalan lêmah; kc. kêpluk. II (ut. ngêplup) kn: gawe lêgokan ing blabak; kc. êpluk. III êngg. pc: kêsèd, ora idhêp isin.
ngêplok: I kn. manting wasuhan; [x]-i: mantêpake lsp. sarana kêplok. II êngg. pc: ngêmplok.
ngêplong: (-i) êngg. pc. mbolongi; kc. plong.
ngêpuh: I kn. 1 mêrês supaya apuh; 2 êngg. pc. mêrês puhan; kc. puh, apuh. II kn: nggathukake bata lsp; kc. êpuh.
ngêpuk: I kn. ak. mrèjèngi kayu; kc. puk. II êngg. kn: 1 (ut. [x]-êpuk) nêpak-nêpak lirih; 2 ngêpak, ngrèmèhake; kc. êpuk, puk.
ngêpuli: pc. ngumpuli; kc. pul.
ngêpun: êngg. kn. ngumpul.
ngêpung: n. ngêpang k. 1 linggih lsp. ngubêngi (ambêngan lsp); ([x] wakul) ngupêngi (bètèng, nêgara lsp); kc. kêpung.
ngêpurake: kn. 1 nganggêp (agawe) pur; 2 êngg. ngêsahi (utang); kc. pur.
ngêpus: pc. ngêmpus.

ngêpoh: êngg. kn. ngêpuh.
ngêpok: kn. 1 nêgor ing pok (tmr. wit); 2 ngantêm lsp. ing pok kuping; 3 pc. ngêntèkake babar pisan; kc. kêpok, êpok.
ngêpolake: êngg. pc. ngêntèkake lsp. nganti pol.
ngêporake: êngg. pc. nutugake, ngatogake nganti por; kc. por.
ngêpos: I êngg. kn. ngêmpus. II kn: lèrèn (ing pos); [x]-ake: ngirimake (nglêbokake layang) ing pos (kantor pos); kc. pos.
ngêpoti: kn. ak. nglowongi (pagawean lsp); kc. pot.
ngêprahake: kn. ngirimake barang ing sêpur; kc. prah.
ngêprak: kn. nabuh kêprak.
ngêpras: kn. 1 ak. mapras, mancas; 2 pc. nacad tindaking liyan kanthi têmbung kang pêdhês; kc. kêpras.
ngêprèk: pc. êntèk kakuwatane; kc. kêprèk.
ngêprès: kn. ngênêtake nganggo barang antêb; kc. près.
ngêprèt: (i), ngêprêt(-i) kn. 1 nywara prêt-prêt, ngêmprèt.
ngêpruk: kn. mêcah ut. nuthukake nganti sumyur; kc. kêpruk.
ngêprok: êngg. kn. ndadèkake siji, ngrangkêp; kc. kêprok.
ngêprot: pc. nyopot (mbukak) tutup gêndul lsp; kc. prot.
ngêrab: kw. kumêrab akèh bangêt.
ngêrad: kn. ngrêmbug ing rad; kc. rad, êrad.
ngêrah: I êngg. pc. ngarah; kc. arah. II kn: nyokot (tmr. kewan); kc. kêrah.
ngêrak: kn. garing bangêt (tmr. mangsa kêtiga); kc. êrak, kêrak.
ngêrap: kn. mlayu bantêr; [x]-ake: mlayokake bantêr; kc. kêrap.
ngêras: (-i) kn. ngêncêngi: kc. kêras.
ngêrbêkake: pc. nyilêmake (mblêbêkake) ing banyu; kc. kêrbêk.
ngêrbili: kn. masangi kêrbil.
ngêrjakake: kn. ak. akon nyambut gawe (minangka paukuman); kc. kêrja.
ngêre: kn. gawe kêre.
ngêrèb: kn. ak. ngêrab.
ngêrèh: kn. 1 mrentah, mbawahake; akon nindakake; kc. rèh, êrèh.
ngêrèkake: kn. nggosokake dimik ing rèk; kc. rèk.
ngêrèm: kn. ngêndhêgake sarana rèm.
ngêrèngi: kn. ngêtrapi rèng; kc. rèng.
ngêrès: I kn. ngiris, nêtaki; kc. rès, êrès. II kn: ngukum; kc. rès.
ngêrèt: kn. 1 mutêr ndudut; 2 ngoncèki klika lsp; kc. kêrèt.
ngêrêb: êngg. kn. ngiris; kc. êrêb.
ngêrêk: kn. ak. nyakot; kc. kêrêk.
ngêrêm: I êngg. kn. ngurung; kc. kêrêm. II êngg. kn: angrêm, ngêngrêmi; kc. kêrêm.
--- 396 ---
III [x]-ake kn. ak: ngèrêmake; kc. kèrêm. IV [x]-ake kn: nutup mata; kc. êrêm, mêrêm.
ngêrêng-êrêng ~ ngêspur.
ngêrêng-êrêng: êngg. kn. gêrêng-gêrêng, nggêrêng.
ngêrêngi: kn. ngêrasi, ngêncêngi; kc. kêrêng.

ngêrêpi, ngêrêpake: kn. 1 nata lsp. kêrêp (ora arang); 2 nindakake lsp. kêrêp; kc. kêrêp.
ngêrês: kn. 1 (yèn digrayang) krasa kaya ana wêdhine; 2 ([x] atine wêdi sarta sêdhih; kc. êrês, rês.
ngêrêti: kn. ngiris mubêng; kc. kêrêt.
ngêri: kn. 1 ana êrine; 2 awangun lancip-lancip kaya êri.
ngêrig: (ake) kn. akon tumandang ing gawe bêbarêngan; kc. kêrig.
ngêrik: I kn. 1 nyukur sathithik (tmr. alis); 2 ngêrok sathithik lading; kc. kêrik. II kn: nywara sêru (jangkrik lsp).
ngêris: i n. nduwung k. ak. nyuduk nganggo kêris; [x]-i: mènèhi (ndokoki) kêris; kc. kêris. II [x]-i êngg. kn: ndokoki watês; kc. ris, aris.
ngêrit:(-i) kn. mancas(-i) lsp. nganggo arit; kc. arit, êrit.
ngêrkatake: kn. mêmpêngake; kc. kêrkat.
ngêrug: I kw: ngrubuhake; kc. rug. II êngg. kn: ngadhuk lêmah; kc. rug, arug.
ngêruk: (-i) kn. nyidhuk (ngurêki) nganggo kêruk; kc. kêruk.
ngêrul: êngg. kn. ngêrol (ngundangi jênêngi wong-wong nyambut gawe).
ngêrut: kn. nalèni kêncêng; kc. êrut.
ngêrobi: kn. nglubèri, ngêlêbi; kc. rob.
ngêrod: (-i) êngg. kn. ngêsud (ngilangi) rêrêgêd; kc. kêrod.
ngêrog: kn. 1 oyag, ndhrodhog (marga lara kadhêmên lsp); 2 ngoyag-oyag wit lsp; kc. rog, êrog.
ngêrok: I (ut. [x]-i kn. 1 ngêrik (ngêruki) sêru; 2 ngrêsiki kulit jaran (nganggo kêrok); 3 nggosok nganggo dhuwit lsp. (wong kang mangsuk angin); 4 nisriki malame (tmr. bathikan); kêrok. II kw: nêmpuh ngrukêt; kc. rok.
ngêrol: kn. 1 ak. ngalurake (ngadili) ing pangadilan rol; 2 êngg. ngêrul, ngundangi jênênging wong-wong kang nyambut gawe; kc. rol.
ngêrong: kn. mlêbu ing rong.
ngêros: kn. têkan ing ros; kc. ros.
ngêrotake: (-untu) kn. nggathukake untu nganti nywara; kc. kêrot.
ngêrpus: kn. ngukum kêrpus; kc. kêrpus.
ngêrsa: ki. pc. ngarêp; ngêrsani ki: ngarêpi; ngêrsakake ki: ngarêpake; kc. arêp, kêrsa, ngarsa.
ngêrta-aji: kn. ak. nêpsir, ngira-ira; kc. kêrta-aji.
ngêrtakake: êngg. kn. martakake, ngabarake.
ngêrti: n. ngêrtos k. 1 pc. têgês, maksud; 2 nyakup (nyumurupi) surasane; di-[x], dingêrtèni: diwêruhi (disumurupi) kang dadi surasane; dingêrtèkake: ditêrangake, dituturi; kc. êrti, mangêrti.
ngês: kn. ngrêsêpake (nênarik, nrênyuhake) ati.
ngêsab: êngg. kn. ngêngêt (digodhog manèh).
ngêsah: I kn. ngrêsula, sêsambat. II pc: ngasah; kc. asah. III [x]-ake kn: 1 ngabsahake; 2 (ut. ngêsahi) nyaur utang nganti sah; 3 ak. nganggêp bênêr (tmr. piwulang lsp); 4 ak. nyêmantakake; kc. sah, êsah.

ngêsak: I êngg. pc. nglêbokake ing sak (kanthongan); kc. sak. II [x]-ake ak: nyêrikake; kc. sak-sêrik.
ngêsapi: kn. ak. ndokoki sap-sapan; kc. sap.
ngêsar-sari: kn. njalari sar-saran atine.
ngêsat: kn. nawu nganti asat; kc. asat, sat.
ngêsèd: kn. ora gêlêm tumandang; kc. kêsèd.
ngêsèng: (-i) êngg. kn. ngajak; kc. sèng.
ngêsêk-êsêki: êngg. pc. njalari sêsak.
ngêsêlake: kn. njalari (agawe) kêsêl.
ngêsêl-êsêl: pc. ngungsêl-ungsêl.
ngêsês: I kn. nywara sês-sês. II k: 1 ngudud; 2 nyêrèt; kc. sês, esês.
ngêsihi: kn. asih marang, nrêsnani; kc. sih, asih.
ngêsik: kn. nggosok untu; kc. kêsik.
ngêsiri: kn. ngêdhèp melik ndarbèni kc. sir.
ngêsitake: kn. njalari kêsit.
ngêslupi: pc. nglêboni bolongan lsp; kc. slup, angslup.
ngêsud: I kn. ngilangi rêrêgêd lsp, nganggo gombal lsp; kc. kêsud. II êngg. kn: 1 nggosok (ngasah); 2 nyuda sathithik; kc. kêsud.
ngêsuhi: kn. ndokoki (ngêtrapi) suh; kc. suh, êsuh.
ngêsuk: kn. ndhêsuk, ngêsur ênggone; kc. êsuk, suk.
ngêsum: kn. mlipid; kc. sum.
ngêsungake: kw. mènèhake; kc. sung, asung.
ngêsur: I kn. 1 êngg. nggêdhèkake urube (tmr. diyan lsp); 2 ndhêsêk gênti ngênggoni (ngrêbut pangkat lsp); [x] tanah: nylamêti wong kang mêntas mati; kc. sur, surtanah. II [x]-i, [x]-ake ak: ngêcuri, ngêcurake; kc. sur.
ngêsutake: kn. nggêgasah asu (nyandêrake); kc. sut, êsut.
ngêsog: I (ut. [x]-ake) êngg. kn. nyèlèhake; kc. sog, êsog. II [x]-êsog kn: nggraut-nggraut rambut (sêmu disêndhal-sêndhal supaya mari ngêlu); kc. êsog.
ngêsok: (ake) kn. 1 ngiling diwutahake; 2 mbayar (pajêg lsp); kc. asok, êsok, sok.
ngêsol: êngg. kn. ngêsur, ngêsuk; [x]-ake; ngrubuhake wit; kc. sol, êsol.
ngêsong: kn. dadi (awangun) song.
ngêsop: kn. olah sop.
ngêsorake: kw. 1 ngasorake; 2 ngalahake; kc. sor, asor.
ngêsori, ngêsorake: êngg. kn. ngêcuri, ngêcurake; kc. sor.
ngêsotake: I êngg. kn. nguculake; kc. sot. II kw: nyupatani; kc. sot, êsot.
ngêspur: kn. nggêbrag jaran nganggo kêspur.
--- 397 ---
ngêsrahi ~ ngêcègake.
ngêsrahi, ngêsrahake: kn. ak. masrahi, masrahake; kc. srah.
ngêsrèk, ngêsrik: pc. ngêrik (nusuk) sathithik; kc. kêsrèk.
ngêsrêpi: k. ngêdhêmi; kc. adhêm.
ngêsruk: êngg. kn. ngêsuk, nlusup ing.

ngêsrogake: pc. nyèlèhake; kc. srog.
ngêstalake: kn. nglêbokake ing kandhang; kc. kêstal.
(ngêt): I di-[x]-i êngg. di-[x]-ake kn. ditonton, didêlêng. II di-[x] pc: dipanasi, digodhog manèh; kc. angêt.
ngêtab: kn. nggêbrag jaran (nganggo tungkak); kc. tab.
ngêtag: pc. ngatag; kc. tag, atag.
ngêtahakên: k. ngutuhake; kc. wutuh.
ngêtang: kn. mutêr nganggo tang.
ngêtap: (ake) kn. ak. nata rantap; kc. tap.
ngêtarani: n. ngêtawisi k. 1 njalari katon têrang (cêtha); 2 (ut. ngêtarakake) ngatonake (mratandhani) yèn; kc. kêtara.
ngêtèg: I (ut. [x]-ake) kn. ak. ngêtogake. II êngg. ak: ngatag.
ngêtege, ngêtègèr, ngêtêgêr: pc. mênêng bae (ora prêduli apa-apa).
ngêtègès: pc. bisa tahan.
ngêtèhake: pc. 1 nêrangake; 2 mitêrang; kc. tèh.
ngêtèki: kn. ngetung; kc. tèk.
ngêtèl: kn. saèm. nyirig (lakuning jaran).
ngêtela: kn. nanduri kêtela.
ngêtèng: (-i) kn. nyilihake lêngênan klambi lsp. sarana didondomi; kc. tèng.
ngêtepang: kn. ak. nyirig-nyirig.
ngêtèprès: kn. omong ora lèrèn-lèrèn.
ngêtêgi: êngg. pc. nêtêgi; kc. têg, têtêg.
ngêtêkake: pc. nguja, ngênêngake bae; kc. têk.
ngêtêm: kn. ak. mèlu nyrêmpêng.
ngêtêngi: I pc. ngratêngi, matêngake; kc. êtêng, matêng. II kn: 1 ks. njalari mêtêng; 2 ngisèni patrum ing bêdhil; kc. wêtêng, mêtêng.
ngêtêp: (-i) kn. minggiri; kc. kêtêp.
ngêtêpês: pc. linggih (sila) mlipis.
ngêtêpus: pc. omong tanpa têgês.
ngêtêr: (ake) kn. nggawa mara marang, ngirid mênyang ing; kc. têr, êtêr.
ngêtig: kn. nulis nganggo mêsin tulis.
ngêtiging: êngg. kn. mlaku (mlayu) bantêr.
ngêtim: kn. nggodhog ing wadhah kang disumpêt; kc. tim.
ngêtingal: k. ngaton; kc. katon.
ngêtipake: pc. nitipake; kc. tip, titip.
ngêtipêl: kn. ak. mlaku sajak rêkasa (marga kêlêmon lsp).
ngêtir: kn. ngirêng lsp. nganggo tir.
ngêtlopi: kn. nyauri utang sarana barang; kc. tlop.
ngêtngêtan: I pc. rada angêt, apa-apa kang dingêt. II pc: padha dene ngingêtake; kc. ngêt.
ngêtugake: pc. nêkakake ing, ngêtêrake; kc. tug, kêtug.
ngêtugur: êngg. kn. tansah mênêng bae (têturon lsp).
ngêtuk: kn. mêtu banyune; kc. tuk.
ngêtulake: pc. ngatulake, ngulinakake; kc. atul.
ngêtum: (-i) êngg. kn. mungkus lan nggodhog; kc. tum.

ngêtumbar: kn. awangun bundêr-bundêr (tmr. tulisan); kc. kêtumbar.
ngêtunggèng: kn. ak. nêkuk munggah (tmr. buntut); kc. kêtunggèng.
ngêtup: I pc. ngêntup; kc. êntup. II [x]-ake pc: nutupake ing; kc. tup, tutup.
ngêtus: (ake) kn. nuntasake supaya atus; kc. tus, atus.
ngêtut: kn. ak. ngênut, tutburi: [x]-ake [ndhèrèk(ake) ki]: tutburi; kc. tut.
ngêtut-buri: n. ngêtut-wingking k. ([x]-wuntat, [x]-wuri kw): mèlu mlaku ing buri; kc. tutburi.
ngêtog: kn. 1 ak. ngêtabake tenggok lsp; 2 nyrêmpêng bangêt (nganti katog kakuwatane); 3 nanting têmênan (gêlêm utawa ora); [x]-i êngg: mborong kabèh; [x]-ake: 1 nyrêmpêng nganti katog; 2 ngênêngake bae, nguja; kc. tog, kêtog, katog.
ngêtohi: kn. notohi, mbotohi; kc. toh.
ngêtokake: n. ngêdalakên k. nggawa mêtu, nglairake; kc. wêtu.
ngêtol: pc. notol bangêt.
ngêtom: kn. nanduri tom.
ngêtomahake: kn. ak. manuhake, ngulinakake; kc. kêtomah.
ngêtoni: n. ngêdali k. mêtu mêthukake lsp; kc. wêtu.
ngêtonggèng: kn. ak. ngêtunggèng; kc. kêtonggèng.
ngêtongi: kn. madhahi ing tong.
ngêtoprès: êngg. kn. tansah omong.
ngêtor: I êngg. kn. nêgor wit; kc. tor, êtor. II [x]-ake pc. ak: nguja; kc. tor, êtor.
ngêtrap: (ake) kn. masang ing; [x]-i ak: mènèhi paukuman marang; kc. trap.
ngêtrès: I (ut. [x]-i) pc. nggêrêti (nggêthaki) wit. II [x]-ake kn. ak: nyulihake marang.
ngêtrêpi: kn. 1 ngêdêgi omah lsp; 2 trêp karo, madhani; kc. trêp.
ngêtriwalake: kn. ak. ngilangake; kc. kêtriwal.
ngêtrog-trog: pc. ngêntrog-êntrog; kc. trog.
ngêcaki: kn. miwiti nindakake (pagawean), ngalami nindakake; ngêcakake êngg. pc: 1 nindakake (pagawean lsp); 2 numrapake ing; kc. cak, êcak.
ngêcam: I êngg. ak. ngetung, metung (ngira-ira); kc. cam, êcam. II kn. ak: nyuwèrake; kc. cam, êcam.
ngêcambah: kn. gawe kêcambah; kc. kêcambah.
ngêcap: I kn. 1 ndokoki ciri cap; 2 mbathik nganggo cap; 3 ngêdrik (layang lsp); kc. cap. II [x]-i pc: mangan kalawan kêcap; kc. kêcap.
ngêcapi: êngg. kn. nabuh kêcapi.
ngêcasi: kn. 1 ak. mancêd (rêrêgan); 2 êngg. mêsthèkake, nêtêpake (yèn mêsthi bakal kêlakon); 3 êngg. kandha sanyatane; kc. cas.
ngêcèbrès: êngg. pc. gunêman tanpa têgês.
ngêcègake: I êngg. pc. 1 ngêsahi (utang); 2 nocogake panêmu lsp; kc. cèg. II kn: ndadèkake cèg; kc. cèg.
--- 398 ---
ngêcèh-êcèh ~ ngêthèthèr.

ngêcèh-êcèh: kn. mbêboros (ora ditanjakake); kc. êcèh.
ngêcèk: I kn. nglêmbutake gêmpalan lêmah (sarana diidak-idak lsp). II [x]-i kn: ngetung dhuwit pêcah dijèntrèk-jèntrèk; kc. cèk.
ngêcèngi: pc. nglangkahi; kc. cèng.
ngêcèp: êngg. pc. ngêdhèp (ndèkèki).
ngêcèprès: kn. gunêman tanpa têgês.
ngêcèr: kn. nabuh kêcèr.
ngêcès: pc. tumètès ilêre.
ngêcèt: I kn. marna nganggo cèt. II [x]-i êngg. kn: ngoncèki; kc. cèt.
ngêcêbake: I pc. nancêbake ing lêmah lsp; kc. cêb. II (ut. ngêcêb-cêbake) pc: ngisèni nganti kêbak mêncêb.
ngêcêk: kn. 1 nywara cêk-cêk (tmr. jangkrik lsp); 2 ut. [x]-i) pc. ngajan-ajani, nggêgasah; 3 (ut. [x]-i(pc. tansah ndakwa; kc. cêk, êcêk, kêcêk.
ngêcêmbang: ak. ngêcêmbong kn. tansah ana banyune (ora asat-asat).
ngêcêmil: pc. tansah mêmangan.
ngêcêmut: pc. rada ngguyu (mèsêm); kc. kêcêmut.
ngêcêng: (-candu) kn. nyuthiki candu (ing bêdudan); kc. cêng.
ngêcêpoh, ngêcêprèh, ngêcêproh: pc. têlês kêbês.
ngêcêri: kn. nètèsi nganggo jêruk lsp. kang dipèjèt; kc. kêcêr.
ngêcês: pc. nywara cês.
ngêcêcêng: kn. kaku kêncêng.
ngêcêcês: ([x] atine) pc. angluh, anglês rasaning atine.
ngêcibris: êngg. kn. ngêcipris.
ngêcing: êngg. pc. ngundurake; 2 nyêngiti bangêt; kc. cing.
ngêcipi: êngg. kn. ngicipi.
ngêciput, ngêcipir, ngêciprat, ngêciprèt: pc. lunga (mlaku) bantêr.
ngêcipris: kn. tansah omong (gunêman).
ngêcis: kn. namakake cis.
ngêcit: I kn. nusu, ngênyut; kc. kêcit. II pc: nywara cit-cit. III êngg. kn: mlayu bantêr.
ngêciwis: êngg. kn. ngêcipris.
ngêclap: pc. katon satleraman; kc. kêclap, kumêclap.
ngêclêpake: êngg. pc. nyublêsake; kc. clêp.
ngêcubung: kn. ngêndêmi nganggo kêcubung.
ngêculi: kn. 1 pc. nguculi; 2 (ut. ngêcul(ake) nguculake; kc. cul.
ngêcungi: pc. 1 ngacungi, nudingi; 2 ngagag-agagi; kc. cung, acung.
ngêcuri: kn. ngiling banyu lsp. ing; kc. cur.
ngêcusi: kn. nyiram gêni nganggo banyu; kc. cus.
ngêcut: I pc. nusu, ngêncut. II [x]-ake kn: njalari (marakake) kêcut.
ngêcucung: êngg. ak. saèm. ngêcêcêng (tmr. tangan lsp).
ngêcuwèh: pc. tansah gunêman.
ngêcuwit: pc. 1 nywara cuwit-cuwit; 2 (ut. ngêcuwis) gunêman; kc.cuwit.
ngêcogi: pc. 1 cocog karo; 2 (ut. [x]-ake) ngêsahi utang lsp; 3 (ut. [x]-ake) nocogakake,[9] madhakake; kc. cog.
ngêcogmol: kn. ndakwa (ngarani) ala (tanpa dipêpiringi); kc. cogmol.

ngêcohi: ki. ngidoni; kc. kêcoh, idu.
ngêcokcok: kn. ngêprokprok wasuhan.
ngêcombang, ngêcomblang: kn. ak. ngêcêmbong (ora asat-asat).
ngêcombar: pc. akèh duduhe (banyune).
ngêcomèl: pc. tansah gunêman.
ngêcong: (i) êngg kn. 1 (ut. [x]-ake) ngêsok ing, ngilingi; 2 pc. nggadhang, ngêbang, saguh mènèhi; kc. cong.
ngêcopak: pc. nywara kêcopak (ing banyu).
ngêcopi: pc. mlêbu ing (bolongan); kc. cop.
ngêcoprès: pc. tansah omong (umuk-umukan).
ngêcor: kn. 1 ngêsokake luluhan timbêl lsp. ing cithakan lsp; 2 (ut. [x]-i) êngg. pc. ngêcuri, ngêsoki, ngoncori têtanduran; 3 (ut. [x]-i) pc ngêjogi banyu (supaya suda kêrase lsp); kc. cor.
ngêcot: pc. lunga, nglungani.
ngêcocong: kn. ngêcucung.
ngêcrahake: kn. njalari (agawe) crah.
ngêcrèk: I êngg. ak. 1 nosoh (bêras); 2 (ut. ngêcrik) macul lsp. ing lêmah; kc. kêcrèk. II kn: mblênggu; kc. kêcrèk.
ngêcrèt: pc. mêtu mancrut; kc. crèt.
ngêcrêti: kn. ak. nyiprati; kc. crêt.
ngêcriwis: êngg. kn. tansah gunêman.
ngêcruk, ngêcrok: kn. macul ing lêmah; kc. kêcruk.
ngêcruti: kn. nyiprati nganggo lênga wangi lsp; kc. crut.
ngêcrokcrok: pc. ngêprokprok wasuhan.
ngêcrop: kn. nosrop, mangan disêrot (disruput); kc. crop.
ngêcroti: kn. saèm. ngêcruti; kc. crot.
ngêthahani: kn. ak. kêthaha marang; kc. kêthaha.
ngêthak: êngg. pc. nêtêpake; kc. kêthak.
ngêthakrah: pc. akèh sarta rowa.
ngêthapêl: kn. ngamplok sikile mêthakol; kc. kêthapêl.
ngêthathar: kn. ak. sumèlèh ora tata; kc. kêthathar.
ngêthathêl: pc. sêmu kadung (ênggone nguncalake); kc. kêthathêl.
ngêthawe: pc. kumlawe (tangane).
ngêthawêng: kn. katon mlêngkung bêcik.
ngêthawit: kn. ak. ngrawit, cilik alus.
ngêthèk: kn. kaya kêthèk.
ngêthèkèr: kn. munggah kanthi rêkasa; kc. kêthèkèr.
ngêthekor: pc. linggih nungkuli pangane.
ngêthekrak: pc. linggih ora tata.
ngêthèl: kn. 1 mutih lawon nganggo kêthèl; 2 pc. rêgêd bangêt; kc. kêthèl.
ngêthèngkrang, ngêthèngkrong: pc. linggih mêthèngkrèng.
ngêthèpèl: êngg. kn. ngêthapêl; kc. kêthèpèl.
ngêtheprak: pc. mêthuthuk akèh (tmr. sêsukêr).
ngêthèr: I pc. nyabêtake pêcut lsp. nganti nywara thèr. II pc: mêlar, mêthèr.

ngêthèthèr: kn. 1 pating slêmbrèh (tmr. sandhangan); 2 ak. bosah-basih.
--- 399 ---
ngêthêk(-i) ~ ngijo gawe.
ngêthêk: (-i) kn. nywara thêk-thêk (sarana obahing ilat).
ngêthêkêr: kn. ora mingsêd-mingsêd (tumandang ing gawe lsp).
ngêthêkul: pc. tumungkul (tumandang ing gawe).
ngêthêkur: pc. linggih ora obah-obah.
ngêthêkrêk: kn. sêsirigan.
ngêthêkrus: pc. ngêthêkur.
ngêthêm: êngg. kn. nggêtêm; kc. kêthêm.
ngêthêmêk-ngêthêmêk: kn. mlaku alon-alon.
ngêthêmil: kn. mêmangan saka sathithik.
ngêthêngkrêng: kn. linggih ora obah-obah.
ngêthêngkruk, ngêthêngkrus: pc. mêthêngkrus (linggih ora obah-obah).
ngêthêpêl: êngg. kn. ngêthapêl.
ngêthêprèk, ngêthêprêk: kn. sêsirigan (nywara kêthêprêk-kêthêprêk)..
ngêthêr: I kn. ora rêsikan; kc. kêthêr. II kn: nywara thêr-thêr.
ngêthêthêr: kn. ndhrêdhêg marga kadhêmên (kodanan lsp).
ngêthiyu: kn. nyrêmpêng ênggone tumandang.
ngêthik: kn. ngandhani (mêling) dhêdhêmitan; kc. kêthik.
ngêthikar: kn. ak. kêthèkèlan.
ngêthikrak: pc. nglumpruk, ora tata.
ngêthil: êngg. kn. njupuk; kc. thil.
ngêthimik-ngêthimik: kn. mlaku rindhik; kc. kêthimik.
ngêthing-êthing: pc. ndêdama, nglêlithing; kc. thing, êthing.
ngêthingi: êngg. kn. mbancaki (bocah cilik); kc. kêthing.
ngêthingkrang: pc. umuk, pambêkan.
ngêthingkrik, ngêthingkring: pc. 1 linggih ing papan kang dhuwur; 2 umuk, dhiri.
ngêthipil: ak. ngêthiplik kn. mlaku iplik.
ngêthiplêng: pc. mlayu bantêr.
ngêthiprèt: pc. mlayu bantêr.
ngêthithir: pc. ndhrêdhêg kadhêmên (kodanan).
ngêthiwul: pc. tanpa wigah-wigih (ênggone mangan).
ngêthuh: I pc. rêgêd; kc. kêthuh. II pc: ngadhuh.
ngêthuyuk: pc. wungkuk sarta rêkasa (tuwa bangêt lsp).
ngêthuk: I kn. nabuh kêthuk. II [x] (-êthuk)ake kn: nggathuk(-gathuk)-ake; kc. thuk.
ngêthulake: kn. njalari (agawe) kêthul.
ngêthumuk-ngêthumuk: kn. mlaku alon-alonan.
ngêthungake: pc. ngathungake; kc. athung, êthung.
ngêthungkruk, ngêthungkrung: pc: linggi[10] sêmu wungkuk (ndhungkluk).
ngêthupruk: pc. tansah omong (gunêman).
ngêthuri, ngêthurake: kn. ngêcuri, ngêcurake; kc. thur.

ngêthut: I kn. ak. nggêgêt. II êngg. kn: wulêd, mêmpêng ora lèrèn-lèrèn; kc. kêthot.
ngêthuthur: êngg. ak. njêbèbèhake suwiwi.
ngêthuwêl: kn. ngukêl tangan.
ngêthuwêng: pc. menggok mubêng; kc. ngêdhuwêng.
ngêthuwêt: pc. ngêdhuwêt.
ngêthuwik: pc. tansah uwak-uwik.
ngêthog, ngêthok: kn. nothok meja lsp; kc. thok.
ngêthok: kn. 1 nugêl; 2 mancêd (rêrêgan); 3 krasa kêsêl (sikil lsp); kc. kêthok.
ngêthok-lèh: pc. mongorake, ndakwa ing sapangarêpan uga; kc. thok-lèh.
ngêthongkrong: pc. saèm. mongkrong, mêthongkrong.
ngêthoprak: kn. 1 nywara kêthoprak-kêthoprak; 2 mbarang (dadi) kêthoprak.
ngêthopro, ngêthoproh: pc. nglèmbrèh ora tata (panganggo).
ngêthothor: kn. njêbèbèh nglèmbrèh (tmr. suwiwi).
ngêwèhi: êngg. pc. mènèhi.
ngêwohi: kn. ak. awoh; kc. woh.
ngêwrat: k. ngêmot; kc. wrat.
(ngi): di-[x] kn. ak. diadhêmake (sarana ditepasi, tmr. sêga); kc. angi.
ngibadah, ngibadat: (A) kn. nglakoni agama; kc. ibadah.
ngibarat: (A) kn. (surasaning) pêpindhan; kc. ibarat.
ngibêki: kw. ngêbaki; kc. ibêk.
ngibêri: kn. mibêr ing; kc. ibêr, mibêr.
ngibing: êngg. kn. njogèdi tlèdhèk; kc. ibing.
ngibu: kn. nyêbut (kaprênah) ibu.
ngidah: (A) kn. ak. idah.
ngidak: kn. napakake (ngênakake) sikil ing; kc. idak.
ngidang: kn. kaya kidang (tapa lsp).
ngidèni: kn. nglilani; kc. idi.
ngidêk: êngg. ak. ngidak.
ngidêri: kn. ngubêngi, mlaku ngubêngi; kc. idêr.
ngidid: kn. midid (tmr. angin).
ngidin: êngg. kn. lah rak têmênan.
ngidini: kn. ngidèni; kc. idi, idin.
ngidu: kn. ak. kêcoh ki: ngêtokake idu; kc. idu.
ngidul: kn. mênyang ing kidul.
ngidulfitri: (-pitri, -pitir) (A) kn. pungkasaning pasa (lêbaran).
ngidulkorban: (A) kn. riyaya munggah kaji (Bêsar).
ngidung: êngg. ak. 1 nêmbang; 2 ngarang têmbang; kc. kidung.
ngidoh: êngg. kn. ngidu; kc. idu.
ngidoni: kn. ngêcohi ki. idu ing (ditamakake ing); kc. idu.
ngijabahi: kn. ak. ngidèni, nglilani.
ngijabahake: kn. ningkahake; kc. ijab.
ngijab-ijabi: kn. ak. ngedab-edabi, nggumunake; kc. ijab.
ngijati: kn. ak. nyelaki; kc. kijat.

ngijèhake, ngijihake: pc. n. ngisihake; kc. isih.
ngijèni: kn. (miyambaki k. ak): nandangi lsp. ijèn; kc. ijèn.
ngijêm: k. ngijo; kc. ijo, ijêm.
ngijing: kn. nyêkar ki: ngêtrap kijing ing kuburan; kc. kijing.
ngijir: (-i) êngg. pc. 1 njupuki saka sathithik; 2 metung; kc. ijir.
ngijo: n. ngijêm k. 1 marna ijo; 2 tuku pari sadurunge diênèni; kc. ijo.
ngijo gawe: êngg. kn. nindakake pakaryan desa (dadi calon kuli kêncêng).
--- 400 ---
ngijodi ~ ngilèni.
ngijodi, ngijoti: êngg. ngijoli.
ngijokake: n. ngijêmakên k. adol pari sadurunge panèn; kc. ijo.
ngijoli: n. nglintoni k. ngligroni, ngganti; kc. ijol.
ngijon: kn. tuku ut. adol nganggo êmpingan; ngijoni: mènèhi êmpingan (sadurunge panèn); kc. ijo, ijon.
ngidham: kn. kumudu kêpengin mêmangan (wowohan lsp, nalikane mêtêng); kc. idham.
ngidhêp: (-i) kw. sumungkêm (ormat, bêkti) marang; [x]-ake pc: mêruhake; kc. idhêp.
ngidhunake: êngg. pc. n. ngudhunake; kc. idhun, midhun.
ngidhupi: êngg. pc. nguripi; kc. idhup.
ngidhopi: êngg. kn. ngijoli; kc. idhop.
ngigèhake, ngigihake: êngg. pc. n: ngisihake; kc. isih.
ngigêl: kn. 1 njêgrag sarta mbèbèr buntut (tmr. mêrak); 2 ngukêl tangan (tmr. njogèd).
ngigit-igit: kn. muring bangêt sarta ngincim-incim; kc. igit.
ngiglag: kn. ak. katon ngegla.
ngiglig: êngg. pc. mlaku iplik (kêpenak).
ngigling: êngg. kn. lêgèh, ora nggêgawa, nganggur.
ngiguhake: kn. awèh pratikêl, nindakake kanthi pratikêl; kc. iguh.
ngihtiyari, ngihtiyarake: pc. nggolèkake sarana; kc. ihtiyar, sêtiyar.
ngiyag-iyagake: êngg. pc. nggiri-nggiri, ngenggalake.
ngiyak-iyak: êngg. pc. nyak-nyakan (mlaku lsp) murang tata-krama.
ngiyak-ngiyuk: pc. 1 ngrayuk, ngêpèk; 2 ngracak (nyaruk) rêrêgan, olèh sakaro-karone; kc. kiyak-kiyukan, kiyuk.
ngiyam: kn. 1 ak. nyoba, njajal, ngicipi; 2 êngg. milih (lurah desa); kc. kiyam.
ngiyambaki: êngg. pc. k. ndhèwèki; kc. kiyambak, dhewe.
ngiyan: kn. ak. ngêlèr lan ngêngi sêga ing iyan; kc. iyan.
ngiyani: n. nginggihi k. mangsuli iya, nyanggêmi; kc. iya.
ngiyangake: êngg. ak. masokake (pajêg lsp) marang; kc. iyang, miyang.
ngiyas: kn. 1 nggathuk-nggathukake surasa sarana panglimbanging nalar; 2 ak. ngrèmèhake; 3 ak. madoni (nyelaki) sarana katêrangan; kc. kiyas.
ngiyasani: kn. ak. gawe apa-apa ing; kc. iyasa.

ngiyat: I kn. mbukak (kêrtu); kc. iyat. II [x]-i k: nguwati; kc. kiyat, kuwat.
ngiyèk, ngiyèh: kn. mbêngok tmr. kewan.
ngiyèn: êngg. mènèhi; kc. iyèn.
ngiyêg-iyêg: kn. ak. katon abot bangêt; kc. iyêg.
ngiyêk-iyêk: pc. 1 ngringkêl-ringkêl; 2 ngêkul (nyawiyah) bangêt.
ngiyêm: êngg. kn. nganyêpake murih ora ngrapak (têmbako lsp); kc. iyêm.
ngiyêng: kn. tansah nangis ora mênêng-mênêng; kc. iyêng, kiyêng.
ngiyêr: kn. ngêrêmake mata sathithik; kc. kiyêr.
ngiyik-iyik: êngg. pc. ngêkul, nyawiyah; kc. ngiyêk-iyêk.
ngiyip: kn. 1 mêrêm-mêrêm matane (dening kêpenak lsp); 2 pc. sênêng bangêt; kc. kriyip.
ngiyuk: pc. ngrayuk, ngêpèk; kc. kiyuk.
ngiyod:(-iyod), ngiyud(-iyud) kn. ngoyag-oyag (supaya mêntul lsp); kc. iyod, iyud.
ngiyog: kn. ngêyog; kc. iyog.
ngiyom: kn. ak. ngayom, ngaub; kc. iyom.
ngik: I mak [x] pc. pêpindhan swaraning napas sêsêg lsp. II di-[x] êngg. kn: diilês (tmr. pari); kc. angik.
ngikal: êngg. kn. ngubêd-ubêdake (bolah lsp) ing; [x] basa: ngubad-ubêdake têtêmbungan; [x] gada br: ngobat-abitake gada; kc. ikal.
ngikêt: I kw. 1 nalèni; 2 ngarang, ngrumpaka; kc. ikêt. II [x]-ikêti kn. ndhêsthari ki: ngênggoni ikêt; kc. ikêt.
ngikibi: kn. ak. nyelaki; kc. kikib.
ngikidi: êngg. ak. nggêmèni; kc. kikid.
ngikik: kn. gumuyu jêgigikan.
ngikil: kn. tansah watuk bae.
ngikir: kn. nggosok nganggo kikir.
ngikis: I kn. ak. 1 matêsi; 2 mêtu ing kikis; kc. kikis. II êngg. kn. nêmpur nganggo takêran kikis.
ngiklasake: kn. ak. nglilakake; kc. iklas, eklas.
ngiklik: êngg. kn. ngikik.
ngikut: êngg. kn. njupuk, ngêpèk; kc. ikut.
ngikrali: kn. ak. nêksèni, nêrangake; kc. ikral.
ngiktiyari, ngiktiyarake: kn. ak. ngihtiyari, ngihtiyarake; kc. iktiyar, sêtiyar.
ngiladuni: kn. ak. nindakake ngèlmu iladuni.
ngilak: I k. ngulak; kc. kilak, kulak. II [x]-ilak kn: katon jêmbar bawera; kc. ilak.
ngilani: I ki. nyapih; kc. ila, sapih. II kn: 1 ngukur nganggo kilan; 2 ([x] dhadha) pc. ngina; kc. kilan.
ngilang: I n. ngical k. ora ngaton; kc. ilang. II kn: gawe kilang (nggodhog lêgèn); kc. kilang.
ngilapati: kn. ak. mratandhani, ngalamati; kc. ilapat.
ngilapi: k. ngêmbuhi; kc. êmbuh, kilap.

ngilar: I (ut. [x]-i) êngg. kn. 1 mbabadi (bêbondhotan lsp); 2 nyirik; kc. ilar. II [x]-i êngg. kn: golèk, nggolèki; kc. ilar. III [x]-ilar êngg. ak: ngilak-ilak, gilar-gilar.
ngilat: kn. ak. gumêbyar kaya kilat; kc. kilat.
ngilèkake: I kn. agawe mili; kc. ili. II kn: ngungsèkake mênyang ing; kc. ili, ngili.
ngilèn: k. ngulon; kc. kilèn, kulon.
ngilèni: I êngg. ak. ngilèkake banyu ing; kc. ili. II kn: 1 ak. nêmpuhi; 2 tuku wowohan
--- 401 ---
lsp. ana ing pakarangan; kc. ili, ilèn-ilèn. III kn: 1 ngêrèkake lsp. nganggo kili; 2 pc. nggêgasah, ngajan-ajani; kc. kili.
ngilêb(ilêb)i ~ ngintir(-intir)ake.
ngilêb: (-ilêb)i kn. ak. ngêlêbi; kc. ilêb.
ngilêmakên: êngg. k. nurokake; kc. kilêm, turu.
ngilêpake: kn. ak. nyilêpake ing banyu; kc. ilêp.
ngilêr: kn. 1 mêtu ilêre; 2 pc. kêpengin bangêt (kumêcêr); 3 sêmu ngyiyid (tmr. sêga wayu lsp); kc. ilêr.
ngilês: (-ilês) kn. 1 ngidak-idak (wasuhan, pari lsp); 2 br. ngalahake, nyiya-nyiya; kc. ilês.
ngilêtakên: êngg. k. ngilèkake; kc. ilêt, ili.
ngili: kn. lunga ngungsi; kc. ili.
ngilik: I êngg. kn. tilik, ngungak; kc. ilik. II [x]-ilik kn. ngithik-ithik; kc. ilik. III [x]-ake êngg. ngelikake; kc. elik.
ngiling: I kn. nyuntak (ngêsokake) saka ing wadhah kang tanpa cucuk; kc. iling. II [x]-ilingi kn: ndêlêng namatake; kc. iling.
ngilir: I êngg. kn. milihi (wulèn); kc. ilir. II [x]-i kn: nepasi (ngêbuti) nganggo ilir. III [x]-ake kn: nglakokake prau milir; kc. ilir.
ngilmu: pc. ngèlmu.
ngilu: kn. 1 mêtu ilune; 2 ks. omong umuk-umukan; kc. ilu.
ngilut: kn. nyokot; kc. gilut.
ngilo: kn. 1 nonton wujude ing pangilon; 2 ak. namatake, nyawang; 3 br. ngangên-angên, nggagas (nglimbang-limbang); kc. ilo.
ngilokake: I (ut. ngiloki) êngg. ngelikake; kc. ilok. II n. numutakên k. ndhèrèkake ki. ak: 1 akon mèlu marang; 2 (ut. ngilok-ilokake) ak. nganggêp (ngarani) yèn mèlu (ngrewangi lsp) ing liyan; kc. ilu, ilon.
ngiloni: kn. mèlu ngrewangi; kc. ilon.
ngilong: pc. katon amba (tmr. mata); kc. kilong.
ngimah-imahakên: k. pc. ngomah-omahake; kc. omah.
ngimami: (ngimani) kn. mêngarêpi wong sêmbahyang (dadi imam); kc. imam.
ngiman: (ake) êngg. ak. nindakake (nuhoni) marang pituduh lsp; kc. iman.
ngimba: (-imba) êngg. ak. niru, nulad; kc. emba.
ngimbahi: êngg. k. ngumbahi; kc. kumbah.
ngimbalake: kn. nglantarake (dhawuh lsp); kc. imbal.
ngimbalakên: k. ak. ngumbalakên; kc. umbal.

ngimbangi: kw. ngira-ira, naksir; kc. imbang.
ngimbar: I êngg. k. ngumbar; kc. umbar. II kn. ak: nyumpah; kc. imbar.
ngimbir: I kn. ak. rada niru (nulad); [x]-imbir(-i) ak: 1 ngêlong-êlongi saka sathithik; 2 ngurubake saka sathithik. II [x]-imbir kn. ak: ngambah lsp. saka ing pinggir; [x]-imbiri tuwa: wis mèh tuwa.
ngimbu: kn. (ngimbêt êngg. k): nyimpên wowohan lsp. supaya matêng; kc. imbu.
ngimbuhi:. 1 kw. muwuhi, ngundhakake; 2 n. ngimbêti k. nanduki ki. mènèhi imbuh (tmr. mangan); kc. imbuh.
ngimêl: kn. mangan sajak enak bangêt.
ngiming-iming: (-i) kn. mêmengin; kc. iming.
ngimit-imit: kn. ak. ngiwit-iwit, nggêmèni; kc. imit.
ngimuk: kn. ak. ngrimuk, ngglêmbuk; kc. imuk.
ngimur: kw. nglipur, ngrêrapu; kc. imur.
ngimpês: kn. matèni; kc. impês, mimpês.
ngimpi: n. supêna k. wêruh (rumasa ngalami) lêlakon ing sajroning turu; kc. impi.
ngimplêng: kn. 1 êngg. ndingkik; 2 pc. mandêng; kc. implêng.
ngimpu: kn. 1 nglumpukake (keceran bêras lsp); 2 br. nglumpukake (kawruh); kc. impu.
ngimpun: (-i) kw. nglumpukake; kc. impun.
ngina: kn. ngrèmèhake, nyapèlèkake; kc. ina.
nginahi: kn. ak. mènèhi inah; kc. inah.
nginang: kn. (nggantèn k): mamah kinang.
ngindêl: êngg. kn. nggodhog (wedang); kc. indêl.
ngindêngake: kn. ak. nglandêngake; kc. indêng, mindêng.
nginjên: (nginjêng êngg) kn. ndêlêng saka ing bolongan lsp; kc. injên.
nginjiki: êngg. kn. têka niliki; kc. kinjik.
ngindhaki: k. ngundhaki; kc. indhak, undhak.
ngindhani: kn. nyingkiri (ngoncati); kc. indha.
ngindhêkosake: pc. mondhokake; kc. indhêkos.
ngindhêpake: êngg. kn. nginêbake (lawang); kc. indhêp.
ngindhêt: kw. nyandhêt, ngêndhêt.
ngindhik: (-indhiki) kn. marani alon-alonan arêp ndêkêp (nyêkêl); kc. indhik.
ngindhit: kn. nggawa (klênthing lsp) ing bangkekan; kc. indhit.
ngindhung: I êngg. kn. mêdhayoh, tilik sanja; kc. indhung. II kn: mondhok, nunut manggon; kc. indhung.
nginêb: (ake) êngg. ak. nutup (lawang lsp); kc. inêb.
nginêp: n. nyipêng k. nyare ki. turu ana ing omah ut. panggonan liya (ing sajroning lêlungan); kc. inêp.
nginum: êngg. kn. ngombe; kc. inum, minum.
nginte: kw. nginjên, nêlik, ndingkik; kc. inte.
ngintên: k. ngira; kc. kintên, kira.
ngintêri: kn. milah-milahake gabah karo bêras lsp. diubêng-ubêngake ing tampah (tambir); kc. intêr.

nginting-inting: êngg. kn. nantang, ngincim-incim; kc. inting.
ngintip: I kn. nginjên, ndingkik; kc. intip. II kn: mêtu intipe; kc. intip.
ngintir: (-intir)ake kn. 1 nyugoni gêni supaya mintir urube; 2 (ngintiri ak) mènèhi saka sathithik; kc. intir.
--- 402 ---
ngintir-intir ~ ngipatake.
ngintir-intir: kn. krasa ngêlih bangêt; kc. intir.
ngintun: k. ngirim; kc. kintun, kirim.
ngincak-incak, ngincêk-incêk: kn. 1 ak. ngintêri; 2 êngg. ngidak-idak (ent. ora ngajèni); kc. incak.
ngincangake alis: kw. ngobahake alis; kc. kincang.
ngincati: êngg. k. ngoncati; kc. oncat.
ngincêng: kn. 1 mandêng; 2 mandêng (namatake) ngênêr ing, nyipat; kc. incêng.
ngincêr: kn. 1 ak. mandêng marang (ent. melik bangêt marang); 2 ngêrêmake matane sasisih ing nalikane ngincêng; kc. incêr, kincêr.
ngincih: kn. kêpengin (melik) bangêt marang darbèking liyan; kc. incih.
ngincim-incim: kn. sumêdya malês (milarani lsp); kc. incim.
ngincipi: êngg. kn. ngicipi; kc. incip, icip.
ngincup: êngg. kn. nyêkêl nganggo driji panuding karo jêmpol; kc. incup.
ngincrit-incrit: kn. saka sathithik ênggone mènèhi lsp; kc. incrit.
ngintha: (intha) êngg. kn. ngentha-entha; kc. entha.
nginthar: kn. mlayu bantêr; kc. inthar.
nginthik: pc. agahan mlaku (marani).
nginthil: I kn: mlaku tutburi; kc. kinthil. II pc: mêtu inthile; kc. inthil.
nginthit-inthit: pc. ngincrit-incrit; kc. inthit.
nginyak-inyak: pc. ngidak-idak, ngicak-icak.
nginyani: kn. nusoni momongane; kc. inya.
nginyig: (nginjlig pc) kn. mlaku rikat ciyut jangkahe.
nging: pc. nanging.
ngingah: I k. ngingu; kc. ingah, ingu. II êngg. kn: manuh ora bêcik (tmr. bocah).
ngingêl-ingêl: kn. ak. nêkuk-nêkuk gulu (diungsêb-ungsêbake); kc. ingêl.
ngingêr: (ake) kn. 1 ([x] kêris) ngingsêd saka ing gêgêr mênyang ing bangkekan; 2 ngowahi ênêre (adhêpe); 3 mutêr (rêmbug lsp); kc. ingêr.
ngingêtake: (ngingêti êngg) kn. ndêlêng marang; kc. ingêt.
nginggahi: k. ngunggahi; kc. inggah, unggah.
nginggahake: êngg. kn. nyinggahake; kc. inggah.
nginggalake: êngg. kw. ngenggalake; kc. inggal.
nginggar-inggar: êngg. ak. ngenggar-enggar ati; kc. enggar.
nginggati: kn. 1 nglungani; 2 ngoncati; nginggatake: nggawa minggat; kc. inggat, minggat.

nginggêng: I êngg. kn. nginjên, ngintip; kc. inggêng. II êngg. pc: ngênggêng; kc. ênggêng.
nginggihi: k. ngiyani; kc. inggih, iya.
nginggilakên: k. ndhuwurake; kc. inggil, dhuwur.
nginggit-inggit: kn. ngigit-igit, mangkêl bangêt nêdya malês lsp; kc. inggit.
nginginake: êngg. mengingake,[11] mèngini.
ngingingi: pc. ngênani; kc. kêna.
ngingip: (-ingip)ake kn. nyungulake pucuke sathithik; kc. ingip, mingip.
ngingisake: kw. ngatonake (untune lsp); kc. ingis, mingis.
ngingis-ingis: êngg. kn. nyênyênggring; kc. ingis.
ngingkêdi: kn. ak. nyingkiri (ora nuhoni lsp); kc. ingkêd, mingkêd.
ngingkêl-ingkêl: kn. ak. ngingêl-ingêl; kc. ingkêl.
ngingkêmi: kn. 1 nutup cangkêm; 2 ak. ngugêmi (kasaguhan); 3 ngêpèk (barang kang dititipake lsp); kc. ingkêm, mingkêm.
ngingkirake: pc. nyingkirake; kc. ingkir, singkir.
ngingkis: kn. ak. mingkis; kc. wingkis.
ngingklik-ingklik: pc. sumèlèh (nyèlèhake) ing papan kang dhuwur.
ngingkling: I êngg. kn. manggul; kc. ingkling. II [x]-ingkling êngg. kn: 1 nggawa mrana-mrana; 2 ngadon-adoni supaya pasulayan; kc. ingkling.
ngingkud: kn. 1 êngg. nyiyutake; 2 ngringkês (ênggone mbuntêl lsp); 3 ak. ngêbèki (nyandhêt); kc. ingkud.
ngingkung: I êngg. kn. nêkani ngalang (arêp mbêdhil bêburon). II kn: olah ingkung; kc. ingkung.
ngingkupake: kn. nutup ditangkêbake, kb. ngêgarake; kc. ingkup, mingkup.
ngingkusi: kn. ak. ngingkupake sathithik; kc. ingkus, mingkus.
ngingkrang: (ake) kn. ngunggahake (sikil) ing nalikane linggih.
ngingkrik-ingkrik: kn. kikrik; ngingkrik-ingkrikake: 1 ([x] rêgane) ngunggahake (nglarangake); 2 pc. ngugung; kc. ingkrik.
(nginglang): di-[x] kn. ak. dilelang.
nginglari: kn. ak. nyelaki, ora ngakoni; kc. inglar, minglar.
nginglêpake: kn. ak. nglêbokake (apa-apa kang maune mêncungul); kc. inglêp, minglêp.
nginglung: kw. ngênglêng, lilung.[12]
ngingu: n. ngingah k. ngopèni sarta miyara (kewan lsp); kc. ingu.
nginguk: kn. ngungak; kc. inguk.
ngingus: pc. ngingêtake; kc. ingus.
ngingoni: n. ngingahi k. mènèhi pangan (marang wong kang rewang lsp); kc. ingu, ingon.
ngingsêd: (ake) kn. ngêlih (ngingsêr) sathithik; kc. ingsêd.
ngingsêk-ingsêk: pc. mingsêk-mingsêk.
ngingsêp: kn. ak. nyêrot; kc. ingsêp.
ngingsêr: (ake) kn. ngêlih ênggone; kc. ingsêr, mingsêr.
ngingslêpake: kn. nginglêpake; kc. ingslêp, mingslêp.

ngingsor: n. ak. ingisor.
ngipahi: I êngg. k. ngopahi; kc. opah. II kn: ndokoki ipah.
ngipak-ipak: kw. ngombak-ombak.
ngipasi: êngg. pc. nepasi, ngêbuti; kc. kipas.
ngipatake: kn. mbuwang sarana dibabitake; kc. kipat.
--- 403 ---
ngipat-ipati ~ ngiwa.
ngipat-ipati: kw. nyupatani, ngêsotake; kc. ipat.
ngipi: êngg. kn. ngimpi.
ngipik-ipik: êngg. kn. ngirit-irit, nggêmèni.
ngiplêng: êngg. kn. ndingkik, ngintip; kc. iplêng.
ngiplik: kn. mlaku iplik.
ngipuk: I kn. 1 êngg. ngunthuk-unthuk, ngurug; 2 ndhêdhêr ing pawinihan; kc. ipuk. II kn: ngrimuk; kc. ipuk.
ngiponi: pc. tansah nunggoni; kc. kipu.
ngira: n. ngintên k. 1 nyana, nyêngguh, ndakwa; 2 (ut. [x]-ira) nduga, nêksir; kc. kira.
ngirabake: I kn. 1 ngubêt-ubêtake (wulu lsp); 2 ak. ngipatake (nglembatake, nyelaki); kc. kirab. II kn. ak: mbudhalake (wadyabala); kc. kirab.
ngiradati: kn. ak. nyranani (ngihtiyari) murih owah saka kodrate (kaanane); kc. iradat.
ngirangi: k. ngurangi; kc. kirang, kurang.
ngiras: kn. 1 ak. nigas, nugêl; 2 nindakake (nglakoni) bêbarêngan; 3 jajan dipangan ing ênggon, mangan (ngombe) têrusan saka ing wadhahe; kc. iras.
ngiras-ngirus: pc. nindakake (nyambi) bêbarêngan.
ngirat: (-i) kn. nyêbiti pring lan disisiki; kc. irat.
ngirêng: n. nyêmêng k. marna irêng; kc. irêng.
ngiri: (-iri) kn. ak. ngatag akon tumandang; kc. iri.
ngirib: (-i) kn. ak. mirib, mèmpêr karo; kc. irib.
ngirid: kn. 1 ak. nggèrèd; 2 ngêtêrake mênyang ing (sowan panggêdhe lsp); kc. irid.
ngirih: (-i) kn. ak. ngrêsiki; 2 nyimpangake iline; 3 mêmiringi murih bêcik; kc. irih, kirih.
ngirik-iriki: pc. ndhèdhèki (ngêsiri) arêp ngêpèk lsp; kc. irik.
ngirim: n. ngintun k. 1 ngêtêrake pangan marang (wong kang lagi nyambut gawe lsp); 2 mêmêtri sarana nyajèni kêmbang ing kuburan; 3 pc. mènèhi (mbayar) anakaning gadhèn; kc. kirim.
ngiring: I (ut. [x]-ake) kn: ngêtêrake (ngêtutake) pangantèn lsp; kc. iring. II [x]-ake kn: nyèlèhake lsp. miring; kc. iring, miring.
ngiringan: (ing [x]) kn. ing sisih kiwa ut. têngên (ora methok); kc. iring.
ngiris: (-i) kn. ngêthok (natas lsp) nganggo lading; kc. iris.
ngirit: (-irit) kn. nggêmèni (wêtuning dhuwit lsp); kc. irit.
ngirup: (-i) kn. 1 êngg. ak. ngumpulake wong-wong (diajak ngraman lsp); 2 misaya iwak ing rumpon; kc. irup.

(ngis): di-[x]-[x] pc. diêngis-êngis.
ngisa: kn. waktu sêmbahyang ing wayah sore (jam 7.30).
ngisab-isabake: kn. ngisin-isini, mirangake; kc. isab.
ngisas: (-i) kn. ak. ngukum pati; kc. kisas.
ngisat: I êngg. kn. ngêsat; kc. kisat, sat. II kw: mlayu (nglungani); [x]-ake kw: ngipatake, mbuncang.
ngisbatake: kn. ak. ngupamakake ing pêpindhan; kc. isbat.
ngisèni: kn. nglêboni isi, nglêbokake ing; ngisèn-isèni ak: nggêgasah amrih pasulayan; kc. isi.
ngisêp: kn. 1 ak. nyêrot; 2 br. ngambu, ngambung; kc.isêp.
ngisi: êngg. kn. ngisèni; kc. isi.
ngisihake: n. naksihakên k. ak. nurahake; kc. isih.
ngisik-isik: kn. ngêlus-êlus; kc. isik, kisik.
ngisin-isin: kn. mêmoyoki lsp, supaya isin; ngisin-isinake: mêmirang, njalari isin; kc. isin.
ngising: n. bêbanyu k. bobotan ki: ngêtokake sêsukêr; kc. ising.
ngisis: I kn. 1 ngangin-angin supaya isis; 2 (ut. [x]-i) ngêtokake ing jaba supaya kanginan; 3 br. ngatonake (siyunge lsp); kc. isis. II kw: mlayu (marga kalah).
ngislamake: kn. 1 martobatake dadi Islam; 2 nêtakake; kc. islam.
ngisuhi: pc. misuhi; kc. isuh, wisuh.
ngisruhake: kn. agawe (njalari) kisruh.
ngistiyari, ngistiyarake: kn. nggolèkake sarana; kc. sistiyar, sêtiyar.
ngitêng: (-i) kn. mbênakake (jala, jaring lsp).
ngitêri: kn. ak. ngubêngi, ngêpung; kc. kitêr.
ngitik-itik: kn. ngopèni (nggulawênthah) wiwit cilik; kc. itik.
ngiting: êngg. kn. nginthil, tutburi.
ngitiri: kn. ak. ngirimi kitir (layang); kc. kitir.
ngitung: êngg. ak. ngetung.
ngicak-icak, ngicêk-icêk: êngg. ak. ngidak-idak, nginyak-inyak; kc. icak.
ngical: k. ngilang; kc. ical, ilang.
ngicêl: kn. ak. nggêcêl (ndadah); kc. kicêl.
ngicêr: pc. ngincêr.
ngicik: kn. gawe kicik(-an); kc. kicik.
ngicir: (-icir)-i êngg. pc. ngècèri sathithik-sathithik; kc. icir.
ngicis: êngg. kn. ngisis.
ngicuk-icuk: kn. mbêbujuk; kc. icuk.
ngiculi: êngg. pc. nguculi; kc. icul, ucul.
ngicrit-icrit: pc. ngincrit-incrit.
ngithalake: kn. ak. njalari (agawe) kithal.
ngithar: kn. ak. nginthar.
ngithi: (ng)-ithi(ng) pc. ngugung bangêt; kc. ithing.
ngithik-ithik: kn. ngêrèkake (agawe kêri); kc. ithik.
ngithing: kn. ak. njêngkêrutake tangan kaya kithing; kc. kithing.
ngithoni: kn. ribut tumandang; kc. ithu.
ngiwa: pc. 1 mênyang ing kiwa; 2 laku ora barès; kc. kiwa.

ngiwad-ngiwud: kn. ak. nyênyêkêl sacandhak-candhake; kc. iwud.
ngiwak: kn. ak. ngewak.
ngiwas: kn. ak. ngewas.
ngiwat: kn. nggawa lunga (wong wadon); kc. iwat.
ngiwêt-iwêt: pc. nyiwêli (pupu lsp).
ngiwi-iwi: kn. ngisin-isin tuwin nyênyênggring; kc. iwi.
ngiwir-iwir: kn. njèmbrèng saka sathithik (têmbako lsp); kc. iwir.
ngiwit-iwit: kn. nggêmèni supaya awèt; kc. iwit.
ngiwud: kn. ak. nyandhak (nyêkêl) saolèhe; kc. iwud.
ngiwul-iwul: pc. ngawul-awul; kc. awul.
ngiwung: kw. ngamuk ora prêduli apa-apa.
ngyai: kn. ak. nyêbut kyai; 2 dadi kyai; kc. kyai.
ngyakinake: kn. ak. nyatakake dhewe; kc. yakin.
ngyambaki: êngg. pc. k. ndhèwèki.
ngyasakake: kn. nggawèkake; kc. yasa.
ngyatrani: k. ndhuwiti; kc. dhuwit, yatra.
ngyèyèt: pc. cilik (lêncir) kuru.
ngyêyês: pc. 1 tansah udan (krasa njêkut); 2 ora bingar atine.
ngyêktèni: kw. ngyêktosi k. nitèni; ngyêktèkake kw. ngyêktosakên k: nyatakake; kc. yêkti.
ngyiyid: pc. (kaya) ana yiyide; kc. yiyid.
ngyuyus, ngyiyis: pc. klêbus, têlês kêbês.
ngyungyuni: kw. 1 kêyungyun marang; 2 njalari kêyungyun.
ngyodyod: kn. ngiyod-iyod; kc. yod.
ngyogyog: pc. ngêyog-êyog; kc. yog.
nglabak: kn. 1 ak. jêmpalikan; 2 pc. rêkasa bangêt; kc. klabak.
nglabang: kn. nata rambut kaya ditampar; kc. klabang.
nglabètake: kn. ak. nglèbètake; kc. klabèt.
nglabêti: I kn. ak. 1 ninggali (mènèhi têtilas); 2 ninggal kabêcikan marang; kc. labêt. II k: nglabuhi; kc. labêt.
nglabuh: I kn. ak. mbuwang panganggo lsp. minangka sajèn (ing sêgara, gunung lsp); kc. labuh. II [x]-i êngg. kn: miwiti; kc. labuh. III kn. (nglabêti k): mèlu labuh (sangsara lsp) marang; kc. labuh.
nglabur: kn. mutih nganggo labur; kc. labur.
nglabrag: kn. 1 nggarap gawe kasar-kasaran; 2 êngg. pc: milara; 3 pc. ngujar-ujari, nglantak; kc. labrag.
ngladaki: kn. mêmoyoki njalari nangis (muring); kc. ladak.
ngladèni: n. ngladosi k. 1 nyawisake (ngaturake) apa-apa marang; 2 nuruti apa sing dikarêpake ing liyan; kc. ladi.
ngladuki: kn. ak. muwuhi akèh; kc. laduk, kêladuk.
ngladosi: k. ngladèni; kc. lados, ladi.
ngladrag: êngg. kn. nggluyur kaya palanyahan; kc. ladrag.
ngladrêg: êngg. pc. nggladrah.
nglajar: êngg. k. ngluku.
nglajêngakên: k. mbanjurake; kc. lajêng, laju.

nglajêngi: êngg. k. nglayoni; kc. klayu.
nglaju: I êngg. kn. nglajo. II kn. nguja; kc. laju.
nglajur: I kn. agawe (nata lsp) lêlajuran; kc. lajur. II êngg. ak: nglaju (nguja); kc. lajur.
nglajo: I kn. 1 mênyang ing panggonan (nyambut gawe) tulak; 2 êngg. sanja; kc. lajo. II êngg. ak: nglaju (nguja).
nglajokake: êngg. kw. mbanjurake; kc. laju.
ngladhèni: êngg. ngladèni.
ngladhug: ks. nyanggama; kc. ladhug.
nglagani: êngg. ak. 1 ngladèni; 2 mitulungi; kc. lagan.
nglagar: kn. 1 ngobong sukêt (alang-alang lsp) ing alas; 2 nunggang jaran tanpa lapak; kc. lagar.
nglagokake: kn. nêmbangake nganggo lagu; kc. lagu.
nglaha: I êngg. kn. dipagêri ing laha (pasangan iwak ing sêgara). II kn: lêgèh, tanpa gawan; kc. laha.
nglahan: kn. ak. nglaha, ora olèh-olèhan.
nglairake: kn. 1 mêdharake (têtêmbungan, panêmu lsp); 2 ngêtokake jabang bayi; kc. lair.
nglaya, nglêlaya: kw. lêlungan mrana-mrana; kc. laya.
nglayab: ks. lunga (dolan lsp); kc. klayab.
nglayad: (-i), nglayat(-i) kn. tilik marang wong kasusahan lsp; kc. layad.
nglayakake: kn. ak. ngêlih gêni ing layan; kc. layan.
nglayani: kn. 1 nglawan, nanduki, nimbangi; 2 nggarap (ngrêmbug) klawan têmên-têmên; kc. layan.
nglayang: I kn. 1 mabur tanpa kêbêt-kêbêt; 2 br. nglaya; kc. layang. II [x]-i n. nyêrati k. ak: ngirimi layang.
nglayari: kn. 1 lêlayaran ing; 2 êngg. mênyang ing panggonan liya arêp njêjaluk (njêjupuk); kc. layar.
nglayati: kn. nglayadi.
nglayêg: pc. tansah tumandang.
nglayub: kn. ak. katon kaya ngantuk (tmr. mata).
nglayung: kn. ak. pucêt marga sêdhih ut. lara; kc. layung.
nglayoni: kn. 1 nututi arêp mèlu; 2 nêbus gadhèn; kc. klayu, layu.
nglakah: êngg. kn. nyigar pring; kc. klakah.
nglakani: kn. ak. ora awoh ut. mung sathithik wohe (tmr. krambil).
nglakari: kn. ak. mbakali (mrèjèngi) balok lsp; kc. lakar.
nglakèni: ks. 1 ngêpèk bojo (laki); 2 nyanggama; nglakèkake ks: njodhokake (wong wadon); kc. laki.
nglakêp: kn. mangap, mênga amba.
nglakokake: n. nglampahakên k. 1 akon (agawe) supaya mlaku; 2 ngangkatake, mbudhalake, kongkonan; 3 nindakake, ngêcakake; 4 nganakake dhuwit; kc. laku.
--- 405 ---
nglakoni ~ nglantur.

nglakoni: n. nglampahi k. 1 mlaku ngambah ing; 2 nindakake (pagawean lsp); 3 nandhang (paukuman lsp); 4 ak. ngêngurangi mangan, turu lsp; kc. laku.
nglala: kn. ak. ngêla-êla; kc. êla.
nglalabi: kn. ak. nêsêli paju lsp. ing; kc. lalab.
nglalar: I kn. 1 ngosoki supaya ilanga dhangkale; 2 niti priksa; kc. klalar, lalar. II êngg. kn: mlaku-mlaku mrana-mrana.
nglalèkake: n. nyupèkakên k. ak. njarag supaya lali; kc. lali.
nglalêr: kn. ak. kaya lalêr (tansah ngolah-ngalih).
nglalêr mencok: kn. brêngos sing pucuke kiwa têngên rada kandêl ing têngah tipis.
nglali-lali: n. nyênyupe k. ak. nyênyamur supaya ora kelingan; kc. lali.
nglalisi: kw. matèni; kc. lalis.
nglalu: kn. 1 kêntèkan akal; 2 njarag mati, ngêndhat; kc. lalu.
nglamaki: kn. ak. madhani, mapaki; nglamakake ak: 1 madhakake karo; 2 ngrèmèhake; kc. lamak.
nglamar: I kn. 1 nakokake wong wadon arêp diêpèk bojo; 2 njaluk supaya diwènèhi pagawean; kc. lamar. II [x]-i kn. 1 ndokoki klamar; 2 mingit, nyidhêm wadi; kc. klamar.
nglamati: kn. ak. mratandhani; kc. lamat, ngalamat.
nglambangi: êngg. k. ngijoli; kc. lambang.
nglambari: kn. nglèmèki, ndokoki lambaran; kc. lambar.
nglambèni: n. ngrasuki k. ngênggoni klambi.
nglambung: kn. ak. nêmpuh saka ingiringan; kc. lambung.
nglamboni: I êngg. kn. nyampuri. II kn. ak: ngêtrapi klambu.
nglambrang: kn. lunga saparan-paran.
nglambrèh: kn. ak. nglèmbrèh; kc. klambrèh.
nglamèkakên: k. nglawasake; kc. lami, lawas.
nglamêdi: kn. ndilati lambe (mêntas mêmangan); kc. klamêd.
nglamisi: kn. ak. nanduki lsp. kalawan lamis; kc. lamis.
nglamlami: kn. ak. nggumunake, nêngsêmake; kc. lamlam.
nglamudi: kn. ngamudi pêlok lsp; kc. klamud.
nglamuki: kn. njalari surêm (ana lamuke); kc. lamuk, klamuk.
nglamun: I kn. ak. katon surêm. II êngg. pc: nggagas kang ora-ora.
nglamuri: kn. 1 (ut. nglamurake) nyalari ut. marakake lamur; 2 pc. nêdhêng-nêdhênge lamur (tmr. iwak loh ing wayah sore). nêdhêng-nêdhêng birahi (tmr. jêjaka); kc. lamur.
nglamus: kn. ak. 1 mangsak (wlulang); 2 ngububi; kc. lamus.
nglamong: kw. ndlêming, ngame; kc. lamong.
nglampahi: k. nglakoni; kc. lampah, laku.
nglampêt: kn. mampêt, nutup bêndungan lsp; kc. lampêt.
nglampiri: kn. ndokoki lampiran; kc. lampir.
nglampu: kn. aluwung ...; kc. lampu.
nglampus: (-i) kw. matèni; kc. lampus.
nglampra: kn. lunga saparan-paran; kc. klampra.
nglambrah: kn. ak. nglèmbrèh(ake), nglangsrah(ake); kc. klamprah.

nglanangi: kn. 1 kaya sipate wong lanang (kêndêl, gumêdhe); 2 solah tingkahe kaya wong lanang; kc. lanang.
nglandani: kn. tindak-tanduke lsp. kaya Wlanda (wong Eropah); nglandakake n. nglandèkakên k: 1 ndadèkake Wlanda; 2 nyalin ing basa Wlanda; 3 ak. nyewakake marang kabudidayan (tmr. palêmahan); kc. landa, wlanda.
nglandêng: kn. 1 ajêg ora suda-suda (tmr. urub, kukus, ganda); 2 olèh kabêgjan ajêgan, ora suda-suda kasugihane; kc. landêng.
nglandrat: kn. mriksa prakara ing pangadilan landrat; kc. landrat.
nglanja: kn. ak. lunga sanja marang tangga kang adoh; kc. lanja.
nglanjak: kn. 1 nglojok, ngluwihi wêwangên (watêse); 2 êngg. nyewa sawah ing sawatara mangsa; kc. lanjak.
nglanjari: I kn. mènèhi lanjar; kc. lanjar. II kn: ndokoki lanjaran; kc. lanjar, lanjaran.
nglanjêr: I pc. mrongkol ing lakang lsp; kc. klanjêr. II ak: nganjir.
nglanji: kn. ak. nyoba arêp nyumurupi trêp lan orane (sindik lsp); kc. lanji.
nglanjuk: êngg. kn. ngranggèh, nglanjak; kc. lanjuk.
nglanjut: êngg. kn. nglajo; [x]-ake êngg: mbanjurake, nutugake; kc. lanjut.
nglanjo: kn. ak. nglajo; kc. lanjo.
nglanjrat: kn. ak. nglandrat; kc. landrat.
nglandha: kn. ngumbah nganggo landha.
nglandhak: kn. mbabah dawa, gawe trowongan (bolongan); kc. landhak.
nglandhèhi: kn. ak. ngêtrapi landheyan.
nglandhêpi: kn. muwuhi (agawe luwih) landhêp; kc. landhêp.
nglandhêsi: kn. ndokoki landhêsan; kc. landhês.
nglandhungi: kn. muwuhi (agawe) landhung (lêngênan klambi lsp); kc. landhung.
nglantak: pc. nglarag, nglabrag; [x]-i: ndudul nganggo lantak; kc. lantak.
nglantari: kn. njalari, marakake; nglantarake: 1 nêkakake rêmbug marang; 2 mbacutake (mbanjurake, nêrusake) marang; kc. lantar.
nglantèh: êngg. ak. nglantih.
nglantih: kn. nggêgulang, manuhake; kc. lantih.
nglanting: kn. 1 nyêkêli apa-apa tangane diacungake; 2 nyêkêli wong ajar nglangi (nyabrang ing kali); 3 pc. nglagani, mitulungi; kc. lanting.
nglantun: êngg. k. nglari; kc. lari.
nglantur: kn. mbanjur bae nganti kliwat wêwangêne; kc. lantur, kêlantur.
--- 406 ---
nglantra ~ nglaruhi.
nglantra: êngg. kn. nglantrah.
nglantrah: I pc. dawa (rowa) bangêt tmr. crita lsp; kc. lantrah. II pc: lumrah, kaprah.

nglancangi: kn. 1 êngg. nyêtut ndhisiki; 2 nindakake apa-apa ndhisiki prentah; kc. lancang.
nglancari: kw. nglêpasi gêgaman; kc. lancar.
nglancêng: kn. ndokoki lancêng.
nglancipi: kn. agawe supaya lancip.
nglancuri: kn. ak. nglurahi (dadi lêlancur); kc. lancur.
nglancong: pc. mlancong.
nglanthang: I kn. mepe ing panasan; kc. klanthang. II kn: mlaku (mlayu) ora nolèh-nolèh; kc. lanthang.
nglanthung: I pc. nglênthung. II [x]-i kn. ak: nyulihi (mbanjêli); kc. klanthung.
nglanyahake: pc. ngudi amrih lanyah; kc. lanyah.
nglanyak: kn. ak. nranyak, ora urus; kc. lanyak.
nglangak: kn. ndhangak, tumênga; kc. langak.
nglangês: kn. kumêlun mêtu langêse; kc. langês.
nglangga: I kn. ak. ngombe sarana diêcurake saka ing kêndhi tinadhahan cangkêm; kc. langga. II kn. ak: nyuduk (njotos) wêtêng; kc. langga.
nglanggar: kn. 1 nêrak, nrajang; 2 êngg. numbuk, nabrak, nyêrang; 3 êngg. nyêtut ndhisiki; kc. langgar.
nglanggati: kn. 1 ak. nimbangi, nglayani; 2 nanggapi wong sing njawat lsp; kc. langgat.
nglanggêngake: kn. ak. nglêstarèkake; kc. langgêng.
nglanggur, nglanggor: êngg. kn. milihi wiji pari; kc. langgur.
nglanggrang: pc. nganggrang; kc. anggrang.
nglangi: kn. kumambang (nyilêm) ing banyu banjur obah maju; kc. langi.
nglangit: kn. ana langite (tmr. jênang lsp); kc. langit.
nglangkahi: kn. 1 njangkah ngungkuli; 2 ngliwati (tmr. maca lsp); 3 nglancangi, ndhisiki (tmr. laki rabi); kc. langkah.
nglangke: kn. ak. mung mèlu-mèlu bae.
nglangkèt: pc. kuru bangêt.
nglangkêpi: êngg. k. nggênêpi; kc. langkêp.
nglangkib: kn. 1 nêkuk lêmbaraning buku lsp, nêkuk klasa lsp; 2 nyidhêm palêmahan (sing dipundhut ing nêgara); kc. langkib.
nglangkungi: k. 1 ngliwati; 2 ngluwihi; kc. langkung, liwat, luwih.
nglanglang: kw. nganglang; kc. langlang.
nglangut: kn. 1 katon adoh bangêt; 2 sêdhih bangêt; kc. langut.
nglangsar: kn. ak. ngingsêd, nyèrèt apa-apa sing klangsrah ing lêmah; kc. langsar.
nglangse: kn. masang gubah (langse) ing; kc. langse.
nglangsêng: kn. ngukus nganggo langsêng; kc. langsêng.
nglangsir: kn. nata sêpur; kc. langsir.
nglangsur: kn. ngglangsur; kc. langsur.
nglangsrah: pc. kambah ing lêmah.
nglaup, nglaop: pc. mbêngok sêru.

nglaut: I kn. ak. mbuwang (sajabaning sêgara); kc. laut. II [x]-ake pc. ak. mbubarake wong nyambut-gawe; kc. laut. III [x]-ake êngg. pc: 1 nggèndèng, nggèrèd; 2 nêbus (gadhèn); kc. laut.
nglapaki: kn. ngêtrapi lapak; kc. lapak.
nglapali: kn. ndongani nganggo lapal; kc. lapal.
nglapani: kn. ak. masani (nglakoni pasa murih kêlakon kang disêdya); kc. lapa.
nglapati: êngg. pc. ngalamati; kc. lapat, ilapat.
nglapis: (-i) kn. ndokoki lapisan; kc. lapis.
nglapurake: kn. 1 ngandhakake prakara marang; 2 mratelakake marang; kc. lapur.
nglaprut: pc. rêgêd pating klaprut.
nglara ati: pc. sêrik atine; kc. lara.
nglarabi: kn. ak. nutupi nganggo larap; kc. larab.
nglarad: kn. ak. dhadhal (tmr. bêndungan), larud, suda; kc. larad.
nglarag: kn. nglurug, nglantak mênyang ing panggonaning mungsuh; kc. larag.
nglarah: I kn. nglari, lunga nggêgolèki barang ilang lsp; kc. larah. II kn: katon nglumbruk ana ing lêmah; kc. klarah, larah.
nglarak: kn. nggèrèd kanthi pêksa; kc. larak.
nglarakake ati: n. nyakitakên manah k. nyêrikake ati; kc. lara.
nglarani: n. nyakiti k. 1 milara, njalari lara; 2 krasa lara ngarêpake nglairake jabang bayi; kc. lara.
nglarangi: n. ngawisi k. ngelikake ora kêna nindakake; kc. larang.
nglarap: kn. niyup nylorot; kc. larap.
nglaras: I kn. 1 ngruntutake (mbênêrake) larasing gamêlan; 2 nêgêsi (nyurasa) diruntutake kêpenake; 3 ngrêruntut, nata, mêmangun; kc. laras. II (ut. [x]-laras) kn: thênguk-thênguk nggagas; kc. laras. III êngg. kn: lunga nggolèki; kc. laras. IV kn: garing, dadi klaras; kc. klaras.
nglarèkake: kn. ak. ngêsokake jèrjèran timah lsp. ing; kc. lari.
nglari: kn. nglacak, nglarah; kc. lari.
nglarih: (ake) kn. ngisèni minuman kêras tumuli kaladèkake; [x]-i: 1 mènèhi minuman kêras; 2 br. nyuduk, natoni; kc. larih.
nglarik: kn. 1 nata lêlarikan; 2 ngalèni, njugangi lêlarikan; kc. larik.
nglarisi: kn. njalari (marakake) laris; kc. laris.
nglarlari: kn. ndokoki larlaran.
nglaru: I êngg. kn. gawe arêng; kc. laru. II êngg. kn: ngisruhi; kc. laru.
nglarud: (ake) kn. nyirnakake, ngentasake; kc. larud.
nglarug: kn. 1 nyarug-nyarug lêmah; 2 êngg. nggarap mung kasar-kasaran; kc. larug.
nglaruhi: êngg. pc. ngaruh-aruhi, nuturi; kc. laruh, aruh.
--- 407 ---
nglarung ~ nglendhung.
nglarung: kn. ak. nglabuh mayit lsp. ing banyu (kali, sêgara); kc. larung.
nglasah: êngg. pc. nglari, nglacak; kc. lasah.

nglasir: kn. nêtêpake pajêging sawah (têgal); kc. klasir.
nglatak, nglatêk: kn. ak. mêtu (ana) latake; kc. latak.
nglacak: kn. nggolèki nurut lacak, nglari; kc. lacak.
nglaci: kn. nglêgoki nggalêr (tmr. kayu), ngalèni (tmr. sawah); kc. laci.
nglacir: pc. katon dhuwur (tanpa godhong) tmr. wit; kc. klacir.
nglacutake: pc. mbanjurake, nêrusake; kc. lacut.
nglatha: kn. ak. maèsi pangantèn; kc. latha.
nglathak: êngg. kn. atos garing (tmr. lêmah).
nglawad: êngg. ak. layad; kc. lawad.
nglawan: kn. nêmpuh (nanggulang); [x]-i: mitulungi; kc. lawan.
nglawasake: n. nglamèkakên k. ngundurake nganti lawas; kc. lawas.
nglawatake: kn. 1 ngaburake dara (supaya kalangan, dianggo balapan); 2 pc: nglilakake somahe nglakoni ala; kc. lawat.
nglawe: I pc. kumlawe (tangane); kc. klawe. II kn. ak: nggantung (njirêt) nganggo lawe; kc. lawe.
nglawèhi,nglawihi: kn. 1 ngganjêli (kêrên); 2 mitulungi supaya bisa ngadêg (mlaku); kc. lawèh.
nglawèr: kn. gumantung dawa; kc. klawèr.
nglawêd: kn. 1 ngulêd barang lêmbut nganggo banyu; 2 mluku sing kapindho; kc. lawêd.
nglawuhi: kn. 1 ndokoki adon-adon; 2 ndokoki lawuh; kc. lawuh.
nglawung: I kn. ak. bosên; kc. klawung. II [x]-ake kn: ngumbar (kêbo) ora dimêgawèkake; kc. lawung.
nglèbètake: kn. mbèbèr (gêndera lsp) supaya kumlèbèt; kc. klèbèt.
nglebotake: êngg. kn. ngliyêrake (ngijolake) panggawean; kc. lebot.
nglebrag: pc. katon jêmbar, ngglodhag; kc. lebrag.
nglèdrèk: pc. jêmèk lèdrèk.
nglèjêmi: kn. ak. nyasmitani, nyêmoni; kc. lèjêm.
ngledhangi: pc. lêledhang ing, nglèncèri; kc. ledhang, kledhang.
nglèdhèk: pc. dadi lèdhèk; kc. lèdhèk, tlèdhèk.
ngledhoni, ngledhokake: kn. njalari kledhon; kc. kledhon.
nglègèg: pc. linggih ndêgèg.
nglègèr: êngg. pc. wuda.
nglèhèh: êngg. pc. nglèyèh.
nglèhèm: pc. linggih sakêpenake.
ngleyang: kn. tiba nglayang (tmr. godhong); kc. kleyang.
nglèyèg, nglèyèng: pc. lunga (mlaku) mrana-mrana; kc. klèyèg.
nglèyèh: kn. linggih sendhenan (mêmburi); kc. lèyèh.
nglèyèk: pc. dhoyong; kc. lèyèk.
ngleyodi: pc. 1 nggandhuli, nggondhèli; 2 ndhêlik ing; kc. leyod.
ngleyok: pc. ndulit; kc. leyok.
nglekapi: pc. ngoncèki, mbukak kulite (tutupe); kc. klekap.
nglekar: kn. turu (têturon) satiba-tibane; kc. klekar.
nglèkèk: pc. nyêmbêlèh; kc. klèkèk.
nglèkèpi: pc. nglekapi.
nglekor: pc. nglekar.

nglela: I kn. ak. ngegla. II [x]-lela kn: nênuru (ngênêng-ênêngi) bocah sarana diurak-urakake; kc. lela.
nglelah, ngleloh: kn. peloh, tanpa kêkuwatan; kc. lelah-leloh.
nglelang: kn. 1 tuku barang lsp. kang dilelangake; 2 (ut. [x]-ake) ngêdol sarana lelang; kc. lelang.
nglèlèd: kn. katon aras-arasên (marga ngêlih lsp).
nglèlèh: pc. têturon aras-arasên.
nglèlèr: I êngg. kn. nggaru ndadèkake leleran; kc. lèlèr. II kn: nggosok êmas ing watu uji (arêp nyumurupi murnine); kc. lèlèr.
nglèlès: êngg. kn. 1 grèsèk-grèsèk, golèk kècèran pari lsp; 2 njêjaluk; kc. lèlès.
nglèlèt: I kn. 1 njupuki (mangan, nyêrèt) klèlèt; 2 pc. mêtu klèlète, wis manuh udud; kc. klèlèt. II [x]-i kn: 1 nggupaki sarana driji kadulitake; 2 pc. njalari katut ala; kc. lèlèt.
nglelur: kn. aras-arasên (tanpa daya); kc. lelur.
nglemat: kn. nggilapake (jarit) sarana digosok ing kuwuk; kc. klemat.
nglèmbak: kn. ngombak lembak-lembak; kc. lembak.
nglembang: êngg. kn. ngiling ing wadhah liya; kc. lembang.
nglembar, nglembat: pc. ngalih ing panggonan liya; [x]-ake pc: nundhakake (pagawean lsp) marang wong liya; kc. lembar, lembat.
nglemboni: kn. lagi sênêng-sênênge turu; kc. lembon.
nglèmbrèh: pc. mêngisor kangsrah ing lêmah (jarit lsp); kc. klèmbrèh.
nglèmèki: kn. ndokoki lèmèk; kc. lèmèk.
nglèmèt: pc. 1 tipis (ora kandêl tmr. brêngos); 2 sathithik bangêt; 3 êngg. nglelur; kc. lèmèt.
nglemun: kn. ak. ngilang.
nglempar: êngg. pc. mbuwang; kc. lempar.
nglemprak: pc. linggih (sumèlèh) satiba-tibane; kc. klemprak.
nglèmprèh: kn. nglayang (mabur) ora dhuwur.
nglèndor: êngg. kn. turu.
nglènjèr: kn. ak. nglèncèr; kc. kènjèr, klènjèr.
nglèndhèh: pc. ngaku, ngakoni (kaluputane); [x]-i: linggih sumendhe ing; kc. lèndhèh.
nglèndhèti: êngg. pc. nglèndhèhi.
nglendhung: kn. ak. ngayom, nglindhung.
--- 408 ---
nglendhoti ~ nglêgêsêr.
nglendhoti: êngg. kn. nglèndhèhi; kc. lendhot.
nglèntab: êngg. kn. nular (tmr. gêni), ngurubake; kc. lèntab.
nglèntur: pc. nglèlur marga ngêlih.
nglèntrèng: kn. 1 katon dawa lêlarikan; 2 mènyèt-mènyèt supaya tipis lan amba; kc. lèntrèng.
nglentroh: kn. katon tanpa daya, ora sigrak; kc. lentroh.
nglèncèr: kn. dolan-dolan, lêledhang; kc. klèncèr.
nglèncokake: êngg. kn. ngêlih mênyang panggonan liya; kc. lèncok.
nglènthèk: êngg. kn. nglèthèk; kc. klènthèk.
nglènthèng: pc. tansah mlaku; kc. klènthèng.

nglenyam, nglènyèm: kn. nèsèt (nglècèp) kulit; kc. klenyam, klènyèm.
nglèngèk, nglèngèr: pc. nglangak, ndangak; kc. lèngèk, lèngèr.
nglènggor: êngg. kn. milihi wiji pari; kc. lènggor.
nglèngkèng: pc. nywara sêru (tmr. asu. ks. ura-ura); kc. klèngkèng.
nglèngkok-lèngkok: pc. ngenggak-enggokake; kc. lèngkok.
nglèngkong: kn. ak. têtikungan; kc. lèngkong.
nglèngkot: pc. mbekot (ora kêduga, êmoh).
nglèngsèr: kn. ngingsêd, nglorod (piring lsp); kc. lèngsèr.
nglepa: kn. 1 mopok nganggo lepa; 2 pc. nutupi murih ora katon ala; kc. lepa.
nglepak: kn. ak. nglèpèk; kc. klepak.
nglepat: kn. sanalika lunga; kc. klepat.
nglèpèk: kn. molak-malik ut. mumbul-mumbul (tmr. iwak ing pêntasan); kc. klèpèk.
nglèpèti: kn. 1 ngrêgêdi, ndlêmoki, nglèlèti; 2 njalari alaning liyan; kc. lèpèt.
nglepus, nglepos: pc. turu kêpati.
nglèprèh: kn. nglèmprèh.
nglerap: kn. katon lerap-lerap (banyu kêsorotan); kc. lerap, klerap.
nglèrèg: kn. sumingkir nisih (ngendhani); [x]-ake: nyodhokake, ngingsêt; kc. lèrèg.
nglèrèhi: kn. ak. 1 nyarèhi, ngêlon-êlon; 2 mocot, nglèrèni; kc. lèrèh.
nglèrèkake: pc. nyorèkake apa-apa mangun corak dawa; kc. lèrèk.
nglèrèni: n. ngèndêli k. 1 ak. lèrèn ênggone (tumandang lsp); 2 mocot; kc. lèrèn.
nglerob: (-i) kn. nyidhuki umpluk lsp; kc. lerob.
nglerodi: êngg. pc. ngêsudi, ngorèdi; kc. lerod.
nglerongi: kn. ak. nylorèngi; kc. lerong.
nglèsèd: kn. linggih (têturon) tanpa daya (mingsad-mingsêd); kc. klèsèd.
nglèsèh: kn. nyèlèhake (sumèlèh) ing lêmah; kc. lèsèh.
nglèsèr: êngg. kn. narik, nyèrèd; kc. lèsèr.
nglesus: pc. turu kêpati.
nglesod: pc. nglosod.
nglètèr: kn. 1 ngrata (supaya lètèr); 2 êngg. nglêtêr (tmr. njogèd), ngglèntèr (tmr. bocah cilik); kc. lètèr.
nglètêri: kn. ndokoki (nyirèni) lètêr.
ngletre: ak. nglètrèk kn. ngêlèr jênang lsp. diwratakake; kc. letre.
nglecap: kn. ak. nglèthèk (ngilangi) kulite; kc. klecap.
nglècèk, nglècèp: pc. nglècèt êngg. kn. nglecap.
nglècêm: pc. mèsêm; kc. klècêm.
nglecun: pc. ngapusi; kc. lecun.
nglecok: kn. nocoh kinang; kc. lecok.
nglethak: pc. kuru bangêt.
nglèthèh: pc. rêgêd jêmèk.
nglèthèk: kn. 1 nèsèt (kulit), nglecap; 2 (ut. nglethak) pc. kuru bangêt; kc. klèthèk.

nglethoki: pc. nglèlèti; kc. lethok.
nglewa: kn. ak. nglewani; kc. klewa.
nglewah: kn. sigar (nyigar) amba; kc. klewah.
nglewani: kn. klewa-klewa marang; kc. klewa.
nglewang: kn. namakake klewang.
nglewas: kn. ak. mlengos; kc. klewas.
nglèwèh: pc. nglewah.
nglèwèng: pc. nylèwèng.
nglèwèr: kn. nglawèr; kc. klèwèr.
nglèwès: kn. ak. nglewas, mlengos.
nglêbarake: kn. 1 mbubarake, njugarake; 2 nglêmparakake (ora ngrêmbug marang); 3 ngrampungake, nganggêp sah (utang piutang); kc. lêbar.
nglêbêk: kn. ak. nglabak; kc. klêbêk.
nglêbêng: kn. 1 ngoncori tanduran nganti warêg bangêt; 2 nguja pangan marang kewan lsp. supaya lêmu; kc. lêbêng.
nglêbês: kn. ak. nglêbus; kc. klêbês.
nglêbêt: (ing [x]) k. ing jêro; [x]-akên k: 1 nglêbokake; 2 njêrokake; kc. lêbu, jêro.
nglêbuh: êngg. kn. mbuwang; kc. lêbuh.
nglêbur: kn. 1 ngêjur, ngluluh; 2 nyirnakake; 3 ngapura (dosa); kc. lêbur.
nglêbus: kn. njarag (udan-udan) klêbus; kc. klêbus.
nglêbut: kn. masang ing klêbut.
nglêboni: n. nglêbêti k. mlêbu ing; kc. lêbu.
nglêjar: (ake) kn. ngarêm-arêmi ati, nglêlipur supaya lêjar; kc. lêjar.
nglêdhèr: kn. pating klêdhèr.
nglêgani: kn. agawe lêga (marêm) ing liyan; nglêgakake: njalari lêga, marêmake; kc. lêga.
nglêgandir: kn. ak. gondar-gandir.
nglêgarang, nglêgorong: kn. ak. katon malang.
nglêgawani: kn. ak. mêmènèhi kanthi lila, kc. lêgawa.
nglêgèyèh: kn. linggih lèyèh-lèyèh; kc. lêgèyèh.
nglêgèni: (nglêgèkake ak) kn. muwuhi lêgi; kc. lêgi.
nglêgewa: kn. duwe panyana (mangêrti) marga nyumurupi tingkahing liyan; kc. lêgewa.
nglêgêg: kn. ak. njêngêr; kc. lêgêg.
nglêgêna: kn. 1 wuda; 2 pc. barès tanpa apa-apa; kc. lêgêna.
nglêgêr: pc. nglêgêg.
nglêgêsêr: kn. ak. mingsêd (mlaku) alon-alonan.
--- 409 ---
nglêgêsês ~ nglênthe.
nglêgêsês: êngg. pc. turu anglêr (kêpenak bangêt).
nglêguyur, nglêgoyor: kn. ak. sênggoyoran (lakune).
nglêgutakake: kn. ak. manuhake, ngulinakake; kc. lêguta.
nglêgoni: kn. ak. mbungahake atining liyan; kc. lêgu.
nglêgongsor: kn. ak. ngglongsor, ngglungsar.

nglêka: kn. ana lêkane; kc. lêka, wêka.
nglêkasi: kn. miwiti; kc. lêkas.
nglêkêb, nglêkêp: pc. 1 sumpêg; 2 ndêkêp, nukup; kc. klêkêb.
nglêkêr: kn. 2 mbulêt (ngruwêl) mangun bundêran (tmr. ula lsp); 2 ks. turu ngringkêl; 3 (ut. [x]-lêkêr) nêkuk (tampar lsp) bêbulêtan; kc. lêkêr.
nglêksanani: kn. nuruti (panjaluk lsp); kc. lêksana.
nglêlaga: kn. al. ngiming-iming, mêmengin; kc. laga.
nglêlaya: kw. lunga (lêlungan) mrana-mrana.
nglêlana: kn. ak. lêlana.
nglêlara: n. nyênyakit k. ak. agawe laraning (awak lsp); kc. lara.
nglêlèdhèk: kn. mbêbeda; kc. lèdhèk.
nglêlêgi: pc. njalari klêlêgên; kc. klêlêg.
nglêlêmu: n. nglêlêma k. agawe lêmu; kc. lêmu.
nglêlêng: pc. lunga (tanpa pamit lsp); kc. klêlêng.
nglêlêpake: kn. nyilêmake (mblêbêgake); kc. klêlêp, lêlêp.
nglêlêr: pc. 1 mlaku alon-alonan; 2 ora sigrak; 3 krasa klêlêr-klêlêr (ing awak); kc. klêlêr.
nglêlês: kn. 1 mlintir duk (sêpêt lsp) nganggo lêlês; 2 pc. mangan nganti êntèk; 3 nglulusi saka sathithik; kc. lêlês.
nglêlêt: I kn. 1 mlintir (tali); 2 êngg. nglinting (rokok); kc. lêlêt. II êngg. kn: nyewa rajakaya (dianggo mêgawe); kc. lêt, lêlêt.
nglêlipur: kn. nyênêng-nyênêngake ati; kc.lipur.
nglêluri: kn. nindakake padatan (tata-cara) kaya kang linakonan ing para lêluhur; kc. luri.
nglêmak: êngg. pc. nggajih; kc. lêmak.
nglêmakakên: k. nglêmokake; kc. lêma, lêmu.
nglêmbana: kw. ngalêmbana; kc. lêmbana.
nglêmbara: êngg. ak. lunga mrana-mrana; kc. lêmbara.
nglêmbarah, nglêmbèrèh: kn. ak. nglèmbrèh.
nglêmbêrêk, nglêmbrêk: kn. ak. nglumpruk, nglêmprêk.
nglêmbiring: êngg. kn. wigah-wigih, minggrang-minggring.
nglêmbur: kn. 1 nyambut-gawe (nggarap) ing wayah bêngi; 2 pc. nyatur ala; kc. lêmbur.
nglêmburah: êngg. kn. pating blengkrah.
nglêmburuk: pc. nglêmpuruk.
nglêmbut: n. nglêmbat k. ak. nindakake kalawan alus; [x]-ake: agawe lêmbut; kc. lêmbut.
nglêmbrêt: pc. ora kaku ut. katon lawas (tmr. jarit lsp).
nglêmèh, nglêmèk: pc. klêmak-klêmèk (gunêman, mêmangan).
nglêmèni: kn. ngrabuki; kc. lêmèn.
nglêmêng: I pc. ajêg panase; kc. lêmêng. II kn: 1 ngratêngi panganan (sêga) ing lêmêng; 2 ngimbu têmbako ing bumbung; kc. lêmêng.
nglêmêr: pc. ora cukat (tandang-tanduke); kc. klêmêr-klêmêr.
nglêmêsi: kn. ak. nanduki (nindakake) kalawan kaprigêlan; kc. lêmês.
nglêmir: kn. tipis alus (tmr. bakal lsp).
nglêmisake: êngg. pc. nglimisake; kc. klêmis.

nglêmokake: n. nglêmakakên k. agawe (njalari) lêmu; kc. lêmu.
nglêmpak: k. nglumpuk; kc. klêmpak, klumpuk.
nglêmpara: kn. ak. 1 lunga saparan-paran dening ora kopèn; 2 pating bêsasik (marga dening ora kopèn); 3 ngayawara, nglêngkara; kc. lêmpara.
nglêmperak: pc. linggih ora tata.
nglêmprèt, nglêmpir: pc. cilik (tmr. wêtêng).
nglêmpêng: pc. mbênêr; kc. lêmpêng.
nglêmpêrêk, nglêmprêk: pc. nglumpruk (ora sigrak).
nglêmpis: pc. (nganti) kêmpis-kêmpis (ambêkane).
nglêmpit: kn. 1 nêkuk (jarit lsp) dirangkêp-rangkêp; 2 nylingkuhake; kc. lêmpit.
nglêmpuh: êngg. kn. kêsêl bangêt.
nglêmpuruk: kn. nglumbruk.
nglêmpus: êngg. pc. turu kêpati.
nglêmpong: êngg. kn. mblasukake, mblithuk; kc. lêmpong.
nglêmprèh: êngg. nglêmprêng kn. ak. nglêntrêng (tmr. mlaku).
nglênjêr, nglênjir: pc. saèm. nganjir; kc. lênjêr.
nglêndhang: kn. ak. ngyiyid rêgêd; kc. klêndhang.
nglêndhèh: pc. 1 rêndhêt, rêmbên; 2 sarèh; kc. lêndhèh.
nglêndhêt: êngg. kn. rêndhêt, rêmbên; kc. lêndhêt.
nglêndhung: êngg. pc. mlêndhung.
nglêndhong: pc. ngêndhêlong.
nglênêng: pc. antêng lakune (banyu lsp); kc. klênêng.
nglêntere: kn. nglumpruk tanpa daya (marga ngêlih lsp).
nglêntik: kn. 1 gawe lênga klêntik; 2 pc. ngapusi; kc. klêntik.
nglêntuk: pc. tansah ngantuk bae.
nglêntrak: kn. ak. nglêntruk.
nglêntrèh: êngg. ak. alon sêmu aras-arasên (lakune).
nglêntrêng: kn. mlaku alon (sakêpenake) kc. klêntrêng.
nglêntrih: êngg. ak. nglêntrèh.
nglêntruk: kn. ora sigrak (sêdhih, aras-arasên); kc. nglêntrak.
nglênthar: pc. 1 ninggal (pagawean lsp); 2 ora kopèn (garapan); kc. lênthar.
nglênthe: pc. mlaku sêmu aras-arasên; kc. klênthe, lênthe.
--- 410 ---
nglênthêng ~ nglimbang.
nglênthêng: êngg. pc. ngapusi; kc. klênthêng.
nglênthu, nglênthuk: êngg. kn. 1 nggêmbêl (mênthung); 2 mblithuk, ngapusi; kc. lênthu.
nglênthuk: pc. nglêntuk; kc. lênthuk.
nglênthung: pc. bali (mulih) ora nggêgawa apa-apa; kc. lênthung, klênthung.
nglênyêd, nglênyêr: pc. krasa kêpenak (enak); kc. klênyêr.
nglênyêm: pc. enak bangêt (ênggone mangan); kc. klênyam-klênyêm.
nglênyêng: pc. rada mumêt, rada gêndhêng; kc. klênyêng.
nglênyêp: kw. ilang; kc. lênyêp.

nglênga: n. nglisah k. katon ana lêngane; nglêngani: ndokoki lênga; kc. lênga.
nglêngêri: kn. ak. njalari klêngêr; kc. lêngêr, klêngêr.
nglênggahi: k. nglinggihi; kc. lênggah, linggih, lungguh.
nglênggak: kn. ndhangak nolèh; kc. lênggak.
nglênggarak: êngg. ks. mangan; kc. lênggarak.
nglênggarang: êngg. kn. katon njênggarang, katon gêdhe malang; kc. lênggarang.
nglêngge, nglênggèk: pc. gulune nglênggak (tanpa daya); kc. lênggèk.
nglênggeke, nglênggoko: êngg. ak. nglumpruk.
nglênggêr: kn. ora obah-obah sarta mênêng bae (ngarêpake mati); kc. lênggêr.
nglênggêrêk: pc. katon gêdhe ngêndhuruk.
nglênggirik: pc. katon mbrênjul (nggalêr) nggêgilani; kc. lênggirik.
nglêngin: pc. nglênging kn. ak. cilik bangêt (tmr. gulu lsp).
nglêngkèh: kn. ak. ngêndhêlong (tmr. gêgêring kewan lsp(; kc. lêngkèh.
nglêngkèt, nglêngkèd: pc. gêgêre ngêndhêlong wêtênge ramping; kc. lêngkèd.
nglêngkur: êngg. kn. nalèni nggubêd; kc. lêngkur.
nglêngkong: pc. ora njêmbluk (tmr. wêtêng, ngêlih); kc. lêngkong.
nglêpasi: I kn. namakake (panah lsp); kc. lêpas. II êngg. kn: ngrucati abah-abah; kc. lêpas.
nglêpatakên: k. ngluputake; kc. lêpat, luput.
nglêpèh: kn. 1 ngêtokake mamahan (sêpah); 2 nampik, ngêmohi; kc. lêpèh.
nglêpêk: kn. ak. kêkêbêt; kc. klêpêk.
nglêpêr: kn. ak. mabur kêkêjêr; kc. klêpêr.
nglêpis: kn. tansah udud.
nglêpus: êngg. kn. tansah udud.
nglêrah: êngg. k. kuru.
nglêrêbake: kn. 1 nglèrènake, ngasokake; 2 nglêrêmake, nyirêp; kc. lêrêb.
nglêrêk: kn. ak. katon aras-arasên.
nglêrêmake: kn. agawe (njalari) lêrêm.
nglêrês: ak. mbênêr; [x]-i k: mbênêri; kc. lêrês, bênêr.
nglêsêd: pc. obah mingsêd; kc. klêsêd.
nglêsêrakên: êngg. k. mbênêrake; kc. lêsêr.
nglêsês: pc. kêpenak bangêt.
nglêsik: kn. ak. gunêman klêsik-klêsik.
nglêsoni: kn. isih tansah krasa lêsu (mêntas lara); kc. lêsu.
nglêstarèkake: n. nglêstantunakên k. 1 nêtêpake ajêg kaya maune; 2 nglanggêngake; kc. lêstari.
nglêtêr: êngg. pc. njogèd suwe (kêpenak).
nglêting: kn. ak. nyokol (ngombèni jamu); kc. klêting.
nglêci: êngg. nglêcis kn. tansah udud.
nglêcir: pc. pating klêcir.

nglêthak: kn. nyakot (njapit) ing untu bam (tmr. barang kang atos); kc. klêthak.
nglêthêk: kn. nywara klêthak-klêthêk, tansah nyambut gawe.
nglêthik, nglêthis: kn. nyokot barang kang rada atos; kc. klêthik.
nglêthuk: pc. saèm. nglêthak; kc. klêthuk.
nglêthus: pc. mangan barang kang rada atos; kc. klêthus.
nglêwari: êngg. kn. ngluwari, nêbus; kc. lêwar.
ngliga: kn. 1 ora klambèn, ora tinutupan; 2 tanpa wrangka (tmr. kêris lsp); kc. liga.
ngligêr:(ake) kn. ngliyêrake utang marang liyan; kc. ligêr.
ngliya: pc. karo wong liya (nglakoni ala); ngliyakake: mènèhake (ngêdol) marang wong liya; kc. liya.
ngliyani: kn. ak. liyan (kêna) ing; kc. liyan.
ngliyangi: kn. ak. nyèndhèni; kc. liyang.
ngliyar: êngg. kn. njênggarake (ngêlih) têtanduran; kc. liyar.
ngliyêk: kn. tansah lunga (dolan lsp); kc. kliyêk.
ngliyêp: pc. turu sadhela (ngêrêmake mata); kc. liyêp.
ngliyêr: kn. 1 nggênti nggadhe (nyêkêl); 2 ngingsêr, ngêlih pangkat (pagawean); kc. liyêr.
nglikik: kn. nywara klikik-klikik (tmr. wêtêng kang ngêlih).
nglilahi, nglilani: kn. ngidini; kc. lilah.
nglilakake: kn. mènèhake kanthi lila; kc. lila.
nglilihake: kn. agawe (njalari) lilih.
nglilin: kn. ngusar lsp. nganggo lilin.
ngliling: I kn. 1 namatake kalawan satiti; 2 nyawang raining bayi karo ngajak gêguyon; kc. liling. II kn. ak: njaga, ngrondhani; kc. kliling.
nglilipi: kn. mlêbu ing mata; kc. klilip.
nglilir: kn. mêlèk saka turu; 2 wiwit thukul (tmr. winih); kc. lilir.
nglilit: êngg. kn. mulêt, muntir, nglinting; kc. lilit.
nglima: n. nggangsal k. sabên (siji-sijine) lima.
nglimalasi: n. nggangsalwêlasi k. nandhingi tikêl 1½ (tmr. ngabotohan), mbalèkake dhuwit utangan tikêl 1½.
nglimani: n. nggangsali k. 1 ak. ngganêpi dadi lima; 2 ngêbut lima; 3 nylamêti wong mêtêng limang sasi.
nglimangsukoni: pc. wani mbayar akèh.
nglimbang: kn. 1 ngiling banyu lsp. kang mawa campuran supaya campurane pilah; 2 ngrambang mata; 3 nênimbang, nggagas-nggagas; kc. limbang.
--- 411 ---
nglimisake ~ nglulur(-i).
nglimisake: kn. agawe (njalari) klimis.
nglimuti: kw. nglimputi; kc. limput.
nglimpahi: kw. mutahi, nglubèri (sih, ganjaran lsp); kc. limpah.
nglimpe: kn. namakake gêgaman (ngantêm, nyolong lsp) nalikane kang bakal kêtaman ora wêruh; kc. limpe.
nglimputi: kn. nutupi, ngêmuli; kc. limput.
nglimprêk, nglimpruk: pc. lêmês tanpa daya, nglumpruk.

nglimrahakên: k. nglumrahake; kc. limrah, lumrah.
nglindur: kn. gunêman ing nalikane turu; kc. lindur.
nglinjik: êngg. kn. têka niliki.
nglindhung: kn. ak. ngayom marang; kc. lindhung.
nglining: kn. ngiris, nyigar (wowohan lsp); kc. lining.
nglintah: kn. ak. napêlake ing lintah.
nglintangi: êngg. k. 1 ngliwati; 2 ngluwihi; kc. lintang.
nglintêri: kn. tansah mara ngubêngi; kc. klintêr.
nglinting: kn. nggulung (gawe) rokok; kc. linting.
nglintir: (ake) êngg. ak. masrahake (pangkat lsp) marang liyan; [x]-i ak: lintir marang (mènèhake pangkate marang); kc. lintir.
nglintoni: k. ngliróni, ngijoli; kc. lintu.
nglincak: kn. 1 mêncolot mlumpat; 2 alihan ênggon cêdhak-cêdhakan; kc. lincak.
nglincak gagak: pc. ngolah-ngalih ênggon.
nglincati: kn. ak. nyidrani (janji); kc. lincat.
nglincipi: kn. nglancipi; kc. lincip.
nglincut: kn. ak. isin, kisinan; kc. klincutan.
nglinthing: I kn. ngunèkake klinthing. II kn: nêkuk sathithik, njêngkêrut; kc. linthing, klinthing.
nglinyèm: pc. nglenyam, nglènyèm; kc. klinyèm.
ngling: kw. clathu, gunêman; kc. ling.
nglingga: kn. numpuk bata; kc. lingga.
nglinggari: kn. ak. nglungani; kc. linggar.
nglinggihi: n. nglênggahi k. linggih ing; kc. linggih.
nglingkab: kn. mênga tutupe (kêbiyak); kc. lingkab.
nglingkis: pc. mingkis (lêngênan lsp); kc. lingkis.
nglingling: kn. ak. ngliling; kc. lingling.
nglingsêmi: k. 1 ngisin-isini; 2 mêmirang; kc. lingsêm.
nglipur: kn. ngrêrapu supaya lipur atine; kc. lipur.
nglir: kw. kaya; kc. lir.
nglirake: kw. nglirwakake; kc. lir.
nglirig: êngg. kn. nggiring (sapi lsp) mulih; kc. lirig.
nglirih: I (ut. [x]-i) êngg. kn. nggusah (ngubêr) kewan; kc. lirih. II [x]-i kn. ngalusi, ora kasar-kasaran; kc. lirih.
nglirik: kn. mandêng nisih; kc. lirik.
ngliring: kw. ngingêtake sakêplasan; kc. liring.
ngliru: ak. ngliróni n. nglintu ak. nglintoni k. ngijoli, ngganti; kc. liru.
nglirwakake: kn. ora ngêmên-ngêmênake; kc. lirwa.
nglisahi: k. nglêngani; kc. lisah, lênga.
nglisik: kn. ora jênjêm ênggone turu; kc. klisik.
nglicèp: pc. nglecap, nglècèp.
nglici, nglicin: êngg. pc. nggilap, ngêlus; kc. lici, licin.
nglithih: pc. tansah klithihan.
nglithik: pc. kuru bangêt.
nglithing: kn. ak. ngêmi-êmi, ndama-dama; kc. lithing.
ngliwati: n. nglangkungi k. liwat ing; kc. liwat.

ngliwêd: kn. ak. ngaton sadhela; kc. kliwêd.
ngliwêng: kn. ak. bingung; kc. kliwêng.
ngliwêr: kn. ak. ngaton sadhela; kc. kliwêr.
ngliwêt: n. bêthak k. nggodhog bêras ing kêndhil; kc. liwêt.
nglubèri: kn. lubèr ing, ngêlèbi;[13] kc. lubèr.
nglubuk: kn. polah mumbul-mumbul (iwak, pitik lsp); kc. klubuk.
nglujêng: I k. pc: mluku; kc. lujêng. II [x]-i k. pc. nylamêti; kc. slamêt, lujêng.
ngludhah: êngg. pc. idu, ngidu.
ngludhang: êngg. kn. ngêntas (wuwu); kc. ludhang.
ngludhêsi: kn. ak. nyirnakake; kc. ludhês.
nglugas: kn. ak. ora nganggo pacakan; kc. lugas.
nglugèk: êngg. kn. nyogok; kc. lugèk.
nglugur: pc. sumèlèh malang; kc. klugur.
nglugut: kn. ana lugute, nggatêli; kc. lugut.
nglugokake: kn. mutuhake (ora ngowah-owah); kc. lugu.
ngluhuri: kw. ngungkuli; ngluhurake: ngurmati, mulyakake; kc. luhur.
ngluyu: kn. ak. mêdêl (jarit lsp. kang wis lawas); kc. kluyu.
ngluyug, ngluyur: êngg. pc. lunga (dolan) saparan-paran; kc. kluyug.
nglukari: ki. 1 nguculi; 2 ngudhari (gêlungan); 3 êngg. mudani; kc. lukar.
nglukat: êngg. kn. ngruwat, mbadharake; kc. lukat.
nglukis: kw. nggambar, ngrumpaka; kc. lukis.
nglukita: kw. ngrumpaka, ngarang; kc. lukita.
ngluku: I kn. ak. ngêkum jimat lsp. ing banyu; kc. kluku. II pc: mluku; kc. wluku.
nglukuk: pc. nywara klukuk-klukuk.
nglulu: kn. mènèhi luwih saka kang dijaluk; kc. lulu.
ngluluh: kn. 1 njêmèkake (ngêjèr) sarana dipanasi; 2 gawe jladrèn lêmpung kang arêp digawe bata lsp; 3 ak. nutuh; kc. luluh.
nglulun: kw. ngêlun, nggulung, nglumpuk(ake); kc. lulun.
nglulur: (i) kn. ak. nggosok nganggo lulur.
--- 412 ---
nglulus ~ nglolor.
nglulus: kn. nglolos; [x]-i: mènèhi layang lulusan; [x]-ake ak: nglêstarèkake; kc. lulus.
ngluluti: kn. lulut karo; kc. lulut, klulut.
nglumahake: kn. nyèlèhake lsp. mlumah; kc. lumah.
nglumba: kn. njola ngadêg dening kagèt; kc. lumba.
nglumbruk: kn. sumèlèh ora tata (tmr. barang sêmbêt); kc. klumbruk.
nglumuhi: kn. 1 ngalahi tumandang awit lumuh padon; 2 nyingkiri apa-apa sing ora dadi panujuning atine; kc. lumuh, klumuh.
nglumur: pc. nglêmêr; kc. klumur.
nglumut: kn. kêthukulan lumut.
nglumpati: kn. mlumpat ing; kc. lumpat.
nglumpuk: n. nglêmpak k. ngumpul dadi siji; kc. klumpuk.
nglumpruk: kn. 1 nglumbruk; 2 rubuh tanpa daya; kc. klumpruk.

nglumrahake: n. nglimrahakên k. ngumumake, ngaprahake; kc. lumrah.
nglunasi: 1 kn. ngêsahi (utang); 2 kw. matèni; kc. lunas.
nglunjak: kn. 1 mumbul arêp nyengklak (ngranggèh); 2 ks. kurang ajar; kc. lunjak.
ngluntak: kn. ak. nyuntak; kc. luntah.
ngluntakake: kn. nundhakake; kc. lunta.
nglunturi: kn. 1 luntur ngênani; 2 ak. ngilèni (mili ing); kc. luntur.
ngluncup: kn. awangun lancip.
nglunthung: kn. 1 nêkuk nggulung (dluwang lsp); 2 ([x] atine) wis mari mêmpêng; kc. klunthung, lunthung.
nglunyat: kn. ak. kurang ajar; kc. klunyat.
nglunyum: pc. nglonyom, nglènyèm.
nglung: kw. kaya lung; kc. lung, anglung.
nglungake: pc. ngulungake; kc. lung, ulung.
nglungani: n. ngesahi: lunga nyingkiri (dhayoh lsp); nglungakake: nundhung, akon lunga; kc. lunga.
nglunggèni: kn. 1 mènèhi luwihan dianggo lunggèn; 2 nyumênèkake, mènèhi inah; kc. lungge.
nglungguhi: n. nglênggahi k. ak. 1 lungguh ing; 2 nêtêpi (wêwaton lsp); 3 nindakake (tumindak) kaya samêsthine; kc. lungguh.
nglungka: kn. 1 kaya lungka (prongkolan lêmpung lsp); 2 wangkod; kc. lungka.
nglungsar: pc. ngglungsar.
nglungsur: kn. 1 ak. nglorod (pangkat); 2 ngêpèk panganggo lsp. sing wis dianggo ing liyan; [x]-i: mènèhi lungsuran; kc. lungsur.
ngluputake: n. nglêpatakên k. 1 nyalahake; 2 mbebasake saka; kc. luput.
nglurahi: kn. ak. manggêdhèni (dadi lêlurah); kc. lurah.
ngluri: kn. ak. nglêluri; kc. luri.
ngluru, ngluroni: kn. ak. nglêmêsake mas lsp. sarana diobong; kc. luru.
nglurubi: êngg. kn. nutupi ing lurub; kc. lurub.
nglurug: kn. mangkat pêrang, mênyang ing panggonaning mungsuh; kc. lurug.
ngluruh: êngg. ak. 1 (ut. [x]-i) ngaruh-aruhi; 2 nggolèki; kc. luruh.
ngluruk: (-i) kn. nantang lsp. sarana kluruk; kc. kluruk.
ngluronake: kn. ak. njalari kluron; kc. kluron.
nglus: br. ngêlus; kc. lus.
nglusud: êngg. pc. mrucut.
nglucut: kn. ak. nglêbus (kodanan); kc. klucut.
ngluthêk: pc. tansah ana ing omah bae.
ngluthik: kn. ndulit nganggo luthik; kc. luthik.
ngluwa: kn. olah kluwa.
ngluwangi: kn. ak. mitututuri (sarana kupiya); kc. luwang.
ngluwari: kn. 1 mardikakake, mbebasake; 2 nêtêpi apa kang dadi nadare; kc. luwar.

ngluwat: kn. ak. tapa ana ing jugangan; kc. kluwat.
ngluwêng: I kn. ak. mbuwang ing luwêng. II [x]-ake kn: mlêngkungake (nikung) awangun buwêngan; kc. kluwêng.
ngluwêr: I kn. mubêng, mingêr mubêng; kc. kluwêr. II [x]-ake kn. nêkuk diuwêrake; kc. luwêr, kluwêr.
ngluwihi: n. nglangkungi k: 1 mènèhi luwihan; 2 ak. ngungkuli; 3 ak. bangêt; kc. luwih.
ngluwuk: pc. ngluwus kn. katon rêgêd (irêng sêmu putih); kc. kluwuk.
ngluwung: I kn. kaya kluwung. II kn. ak: nywara mbêngung tmr. angin. III [x]-ake pc: nganggêp wis luwung; kc. luwung.
nglobong: pc. ndolop sarana ngalahi dhisik (tmr. main); kc. lobong.
nglobot: kn. gawe klobot.
nglodok: kn. nyogok nganggo driji; kc. lodok.
nglojèh: kn. ak. nojoh, nojèh; kc. lojèh.
nglojok: kn. 1 kêladuk maju; 2 luwih saka mêsthine; kc. lojok.
nglodhag: pc. ngglodhag.
nglogati: kn. ak. nêrangake (têgêse); kc. logat.
nglogog: êngg. kn. lêgêg-lêgêg.
nglogok: pc. nyogok; kc. logok.
nglogro: kn. 1 dadi kêndho (ora kêncêng, lobok); 2 ak. mari mêmpêng; kc. logro.
ngloyong: pc. mlaku-mlaku; kc. kloyong.
ngloyop: pc. katon ngantuk.
ngloyor: kn. ngumbah ing landha (tmr. lawon); kc. loyor, kloyor.
ngloko, nglokor, nglokro: kn. ak. nglogro.
nglokop: (-i) kn. nèsèti kuliting wit; kc. klokop.
nglokor: kn. nywara klokor-klokor.
nglolodi: kn. ak. nglêlêgi; kc. klolod.
ngloloh: kn. makani manuk lsp. dilêbokake ing cangkêm; kc. loloh.
nglolor: I êngg. kn. 1 nglolos, njupuk saka ing untingan; 2 katon dawa; kc. lolor.
--- 413 ---
II pc: nlosor; kc. klolor.
nglolos ~ ngubur.
nglolos: kn. nyopot, nglulus, narik; kc. lolos.
nglombo: êngg. kn. ngapusi; kc. lombo.
nglombok: kn. ngusari ing lombok.
nglombroh: kn. kêgêdhèn tmr. klambi; kc. klombroh.
nglombrot: pc. nglêmbrêt.
nglomoh: kn. 1 ngusari lênga nganti klomoh; 2 êngg. pc: ngapusi; kc. klomoh.
nglomproh: pc. nglombroh.
nglontop: pc. 1 nyuduk nganggo lontop; 2 nyogok; kc. lontop.
nglontor: êngg. ks: mangan, ngombe; kc. lontor.
nglontrong: kn. lunga karo nêpsu (mrêngut); kc. lontrong.
ngloncèng: kn. nabuk[14] (ngunèkake) loncèng.
ngloncok: êngg. kn. nglonjok; kc. loncok.

ngloncom: (ake) êngg. pc. mblasukake.
ngloncong: pc. 1 nglojok; 2 ([x]-ake) êngg. mblasukake; kc. loncong.
nglonthang: i kn. nywara klonthang-klonthang. II kn. ak: ora nggêgawa apa-apa; kc. lonthang, klonthang.
nglonthe: ks. dadi lonthe, royal karo palanyahan; kc. lonthe.
nglonthèngi: kn. nylonèhi, nylorèngi; kc. lonthèng.
nglonthok: pc. nglèthèk, nglothok.
nglonthong: i kn. 1 ngunèkake klonthongan; 2 bêbakulan kaya Cina klonthong; kc. klonthong. II kn. ak: tanpa isi (nggronggong); kc. klonthongan.
nglonyom: kn. nglènyèm, nglenyam; kc. klonyom.
nglong: kw. nyuda, ngurangi; kc. long, anglong.
nglonggari: êngg. pc. 1 nglowahi; 2 mènèhi kalonggaran; kc. longgar.
nglonggor: (-i) êngg. kn. milihi wulèn (dianggo winih); kc. longgor.
nglongkangi: kn. 1 nglowahi (ndokoki longkangan); 2 nglowongi; kc. longkang.
nglongkong: ks. 1 nangis; 2 ura-ura; kc. klongkong.
nglongok: êngg. kn. ndangak manglung (ungak-ungak); kc. longok.
nglopa: kn. ak. mènèhi rêruba, mbêsêli; kc. lopa.
nglopak: kn. ak. nglubuk (ana ing banyu); kc. klopak.
nglopok: pc. mbakar (nggarang) iwak lsp; kc. klopok.
nglorèhake: kn. ak. ngandharake; kc. klorèhan.
ngloro: n. ngalih k. sabên (siji-sijine) loro.
nglorod: kn. 1 njupuki (ngundurake) turahaning pisuguh; 2 nglungsur panganggo lsp; 3 ngudhunake pangkat; 4 ngilangi malaming bathikan (babaran) sarana dikêbyok ing wedang; kc. lorod.
nglorog: (ake) kn. nyodhokake maju; [x]-i: nyauri utang sarana barang; kc. lorog.
nglorohi: êngg. pc. ngaruh-aruhi; kc. loroh.
ngloropake: kn. mblasukake marang kacilakan lsp; kc. lorop.
nglosod: pc. linggih ing lêmah (ora mingsêd-mingsêd); kc. klosod.
nglotis: kn. olah lotis.
nglotre: kn. ngundhi; kc. lotre.
ngloco: pc. 1 nguwêd-uwêd; 2 ngasud kartu; kc. loco.
nglocok: I kn. nèthèl (nèsèd) kulit; kc. klocok. II kn: 1 nglêmbutake ing bumbung; 2 ks. nyanggama; kc. locok.
nglocop: pc. nglocok, nglothok.
nglothak: pc. kuru bangêt; kc. klothak.
nglothèk: I pc. nywara klothèk-klothèk. II [x]-i kn: ndulit nganggo lothèk, ngusari; 2 êngg. ndulang bayi sarana sêga diulêg; kc. lothèk.
nglotho: êngg. nglothong kn. ak: ngothong; kc. lotho.
nglothok: pc. nglocok, nglocop.
nglowahi: kn. ndokoki lowahan; kc. lowah.
nglowèh: pc. mawa bolongan.
nglowoh: pc. katon sêla (tanpa isi).
nglowoki: kn. nyêlani. mêlani, nglowongi; kc. lowok.

nglowong: I kn. pasa ora mangan apa-apa; [x]-i: ngothongi, mêlani; kc. lowong. II [x]-i kn: mbathik klowongan (cêngkorongan); kc. klowong.
nglowos: kn. ak. ora ênggagawa,[15] kothong; kc. klowos.
ngubadir: êngg. kn. mubadir.
ngubayani: n. ngubanggèni k. ak. nyaguhi, njanjèni; kc. ubaya.
ngubak: kn. ngudhak (banyu lsp); kc. ubak.
ngubal: kn. mlintir (lawe); [x]-ake: 1 nggêdhèkake lsp; kc. ubal, mubal.
ngubêd-ubêdi: kn. nalèni (mblêbêd) nganggo gombal lsp; ngubêdake: 1 nalèkake ngubêd; 2 ngiguhake murih cukup; kc. ubêd.
ngubêk: êngg. ak. ngubak; kc. ubak, ubêk.
ngubêl-ubêli: kn. 1 nêsêli nganggo gombal lsp; 2 ngubêd-ubêdi kacu lsp. (ing êndhas lsp); kc. ubêl-ubêl.
ngubêng-ubêng: kn. tansah nyêmayani (tmr. ditagih), mangsuli ora cumêplos; ngubêngi: ngliwati mubêng, ngitêri; kc. ubêng.
ngubêr: êngg. kn. ngudhak, ngubak ngubêr-ubêr kn. ak: tansah ngoyak-oyak; kc. ubêr.
ngubin: êngg. kn. ngracak; kc. ubin, ngobin.
ngubyarake: kn. ak. ngurubake mubyar; kc. ubyar, mubyar.
ngubyungi: kn. ngancani (ngrujuki) ênggone nindakake kang ora bêcik; kc. ubyung.
ngublak: kn. ngubak lan nyampur (jladrèn lsp); kc. ublak.
ngublêk: êngg. pc. ngublak.
ngububi: kn. ngangini nganggo ububan; kc. ubub.
ngubukake: kn. 1 ndadèkake pêsagi; 2 ak. ngurupake, nyumbutake; kc. kubuk.
ngubungi: êngg. ak. ngubyungi.
ngubur: I n. mêtak k. nyarèkake ki. mêndhêm mayit; kc. kubur.
--- 414 ---
II [x]-ubur, [x]-i êngg. kn: ndokoki obong-obongan mêrang lsp. supaya ilang lêmude; kc. ubur.
ngubut ~ nguyuh.
ngubut: i êngg. kn. tansah têrus (tumandang, mlaku); kc. but. II [x]-i pc: nutupi; kc. kubut. III [x]-ubut kn. ak; maling ing wayah esuk; kc. ubut.
ngubral-ubral: êngg. pc. mbêbècèr, mbêboros; kc. ubral.
ngubrêg: pc. mlêtêr ing pitakon; kc. ubrêg.
ngubrês: kn. nglari (nggolèki) ana ingêndi-êndi; kc. ubrês.
nguda-uda: kn. ak. 1 ngêngurangi, nyuda-nyuda; 2 ngira-ira; kc. uda.
ngudag-udag: êngg. kn. ngoyak-oyak; kc. udag.
ngudakara: n. ngudakawis k. ak. ngira-ira; kc. udakara.
ngudal-udal: kn. ak. ngêtuk mudal; kc. udal, mudal.
ngudamamahi: kn. ak. kêpenak diucapake (ditêmbangake); kc. udamamah.
ngudan-udan sore: n. njêjawah sontên k. ws: nglamar.
ngudanèni: kw. wêruh, mangêrti; kc. udani.
ngudani: n. njawahi k. ngrutug (ing panah lsp; kc. udan.

ngudang: kn. 1 ak. nggadhang-gadhang ing têmbe bisaa dadi ...; 2 ngalêm lan mbêbungah ati (marang bocah); 3 pc. ngujar-ujari, nyrêngêni; kc. kudang.
ngudara: kw. (mabur lsp) ingawang-awang.
ngudarasa: kw. mikir, nggagas; kc. udarasa.
ngudi: kn. 1 marsudi kanthi têmên-têmên; 2 njaluk (nakoni) kanthi têmên-têmên; kc. udi.
ngudubilahi: kn. 1 sabawa mratelakake gumun lsp; 2 ks. bangêt, kêbangêtên.
ngudud: kn. (ngêsês k): udud.
ngudung: kn. ak. mangkêl bangêt, wangkod (nggugu karêpe dhewe).
ngudurake: I kn. pêpadon prakara ...; kc. udur. II kn: nyambatake marang kuli (tmr. nggarap sawah); kc. kudur.
ngudokake: n. ngêdahakên k. ak. mêsthèkake yèn kudu (nglakoni lsp); kc. kudu.
ngudrug: kn. ak. ngodrog.
nguja: kn. ngêtogake (mituruti) ing sakarêpe; kc. uja.
ngujanèni: kn. ak. mènèhi opahan (marang dhukun); kc. ujani, wêjani.
ngujar-ujar: (-i) kn. ngunèk-unèkake; kc. ujar.
ngujêg: (-ujêg) kn. tansah njaluk (nagih); kc. ujêg.
nguji: kn. ak. nglèlèr (êmas); kc. uji.
ngujiwat: (-i) kw. nglirik, mlerok(-i); kc. ujiwat.
ngujubake: kn. nêrangake (ngandhakake) tujuning slamêtan; kc. ujub.
ngujudi: kn. ak. nganani, mujudi; kc. ujud, wujud.
ngujungi: kn. ujung (ngabêkti) marang; kc. ujung.
ngujur: êngg. kn. 1 mluku mujur; 2 njaluk ujuran; [x]-i: mènèhi ujuran; kc. ujur, mujur.
ngudhak: kn. 1 ngubak; 2 ngobah-obah nganggo sendhok, irus lsp; kc. udhak.
ngudhal-udhal: kn. 1 nguculi lan mbukak buntêlan lsp; 2 ngudhari lan miwir-miwir (têmbako lsp); 3 ent. miyak (ngandhak-ngandhakake) wadi; kc. udhal.
ngudhar: br. ngudhari kn. nguculi (tali, gêlungan lsp); kc. udhar, wudhar.
ngudhèt-udhèt: kn. nyoblos banjur disuwèk; kc. udhèt, sudhèt.
ngudhêg: pc. ngubêk.
ngudhêk: êngg. pc. ngudhak.
ngudhêl-udhêl: kn. 1 sêpêt sêrak (kaya rasane jambu mete); 2 krasa sêbah (tmr. wêtêng); 3 ora karuwan (tmr. pikiran); kc. udhêl.
ngudhêng-udhêngi: kn. ngikêt-ikêti; kc. udhêng.
ngudhi: kn. namakake kudhi.
ngudhikake: kn. nglakokake prau mudhik; kc. udhik, mudhik.
ngudhik-udhiki: kn. ak. nyêbari dhuwit dianggo dana; kc. udhik-udhik.
ngudhili: kn. ak. mikolèhi, migunani.
ngudhis-udhis: kn. nggrêmêti; kc. udhis.
ngudhu: kn. ngabang nganggo kudhu.
ngudhuni: n. ngandhapi k. 1 mudhun ing; 2 nguruni; kc. udhun.

ngudhungi: kn. ngênggoni kudhung; kc. kudhung.
ngudhup: kn. 1 mêtu kudhupe; 2 kaya kudhup; kc. kudhup.
ngudhoni: kn. ak. nguruni; kc. udhu.
ngugal: êngg. kn. 1 nganyarake; 2 nganggo wantahan; kc. ugal.
ngugêg-ugêg: kn. ngobah-obahake arêp nyopot (kancing lsp); kc. ugêg.
ngugêm: êngg. kn. mêca sarana layang primbon; [x]-i: nggêgêgi panêmu (kasaguhan lsp); kc. ugêm.
ngugêr: kn. nancang (nalèni) ing pathokan; [x]-i ak: ngrungokake paturan (katêranganing saksi); kc. ugêr.
ngugung: kn. ngêla-êla lan nguja ing sapanjaluke; kc. ugung.
ngugrag-ugrêg: kn. ngoglèg-oglèg arêp dibukak; kc. ugrag-ugrêg.
nguyab: pc. njambak (rambut); kc. uyab.
nguyahake: pc. nyandêrake (asu).
nguyahi: n. nyarêmi k. 1 mbumboni nganggo uyah; 2 nganaki (dhuwit); nguyahi-asêmi, nguyah-asêmi kn: kêladuk ênggone ngalêm; kc. uyah.
nguyak: kn. ak. ngoyak; kc. uyak.
nguyang: kn. ak. lunga tuku pari (bêras); kc. uyang.
nguya-uya: kn. tansah ngoyak-oyak (akon lunga lsp) kc. kuya.
nguyêg: (-uyêg) kn. ngusêk-usêk (musus lsp) kêrtu lsp. supaya campur; kc. uyêg, muyêg.
nguyêl-uyêl: kn. tansah ngêkêp (nyêkêli, ngêlus-êlus lsp); kc. uyêl.
nguyu-uyu: kn. gêgêndhingan nabuh gamêlan (nalikane duwe gawe); kc. uyu.
nguyuh: n. toyan k. turas ki. ngêtokake uyuh; kc. uyuh.
--- 415 ---
nguyun-uyun ~ ngulungi.
nguyun-uyun: kw. nggêmatèni bangêt, ngrêksa tuwin ngayomi; kc. uyun.
nguyungake: kn. ak. njalari wuyung; kc. wuyung.
nguyup: kn. 1 ngombe (sêmu disêrot); 2 ak. ngêpèk kabèh; kc. uyup.
nguk: pc. angur, aluwung.
ngukarakake: kn. ak. ndadèkake ukara.
ngukèh: êngg. kn. ngukih.
ngukêb: êngg. ak. nutupi rapêt.
ngukêl: 1 êngg. ak. ngikal (lawe lsp); 2 nyêkêl rambut banjur ditêkuk lan disêndhal; 3 ki. nggêlung; kc. ukêl.
ngukih: kn. ak. ngundurake (ngalahake, ngoyak); kc. ukih, ungkih.
ngukir: I kn. natah (kayu, gadhing lsp) diwangun lung-lungan lsp; ukir. II [x]-i pc: nyelaki; kc. mungkir.
nguku: kn. nyuwèk lsp. nganggo kuku.
ngukub: I (ut. [x]-i) kn. ak. ngrukub (nutup) rai lsp; kc. kukub. II kn: 1 êngg. ngungkêb; 2 ak. ngêbuli jarit lsp. supaya wangi; kc. ukub, ukup.
ngukud: I (ut. [x]-i) kn: mbubrahi lan nglumpukake (dagangan lsp); kc. kukud. II (ut. ngukut) kn. ak: adhêm bangêt.

ngukuhi: n. ngêkahi k. 1 ngugêmi, nggêgêgi; 2 nêtêpi têmênan; kc. kukuh.
ngukuk, ngukung: pc. gumuyu sêru; kc. kukuk.
ngukum: kn. niksa, midana, mènèhi paukuman; kc. ukum.
ngukup: kn. 1 ngrakup nganggo tangan loro; 2 mêlasi lan ngopèni (bocah kapiran lsp); kc. kukup, ngukub.
ngukur: I kn. nyumurupi sapira dawane (gêdhene lsp); kc. ukur. II kn. 1 nggaruk nganggo kuku; 2 êngg. ak. marud, ngikir; kc. kukur.
ngukus: kn. 1 mêtu kukuse; 2 ngratêngi sarana kukus; kc. kukus.
ngungkruk: kn. ak. linggih tumungkul.
ngula: n. nyawêr k. ak. kaya ula; kc. kc. ula.
nguladara: kn. ak. ngulandara.
ngulah: I kn. 1 ak. nindakake; 2 br. marsudi, ngudi; 3 ak. ngolah; kc. ulah. II êngg. kn: ngulêd, nyampur; kc. kulah. III kn: ngêtrapi kulah.
ngulak: n. ngilak k. nuku arêp didol manèh; kc. kulak.
ngulama: kn. (ngulami k): 1 ahli babagan agama (Islam); 2 pc. wong kang nglakoni agama (Islam) kanthi têmên-têmên; kc. ulama.
ngulandara: kn. lunga saparan-paran.
ngulang: kn. 1 ak. golèk; 2 êngg. tuku iwak mênyang pasisir; kc. ulang.
ngulapi: kn. ngilangi (rêrêgêd lsp. kang tumèmplèk); kc. ulap.
ngulap-ulap: kw. nyawang (saka kadohan); kc. ulap.
ngulari: êngg. kn. nggolèki, golèk.
ngular-ulari: kn. 1 ndondomi (ngrapêtake) jarit lsp. suwèk; 2 mbukani, mènèhi pêpucuk (tmr. rêmbugan lsp); 3 ak. miwiti; kc. ular.
ngulati: kn. 1 br. ngingêtake, nyawang; 2 êngg. nggolèki; ngulati ala pc: mlêruki, masang ulat ala; ngulat(-ulat)-ake: ngawasake saparipolahe, namatake; kc. ulat.
ngulat-ngulèt: pc. tansah ngulèt.
ngulawêntah: kn. ak. nggula-wênthah.
ngulawisudha: kn. njunjung (ngunggahake) pangkat; kc. kulawisudha.
ngulèni: kn. 1 mênyêd-mênyêd wasuhan, parudan lsp; 2 pc. nyêthoti; kc. uli.
ngulèt: kn. 1 ngulur anggotaning awak (mêntas tangi turu lsp); 2 mlêngkung mulur (tmr. kayu lsp).
ngulêd: kn. ak. ngulêt.
ngulêg: kn. nglêmbutake nganggo ulêg-ulêg; kc. ulêg.
ngulêk-ulêk: kn. ak. 1 nguthêk-uthêk; 2 pc. tansah nyrêngêni; kc. ulêk.
ngulêmi: I kn. ngundang (nyuruhi); kc. ulêm. II kw: nuroni (ngêwori turu); kc. kulêm.
ngulêng: kn. ak. 1 ngrukêt (nalikane padu); 2 (ut. [x]-ulêng) tansah ngrukêt (ngrangkul lsp); kc. ulêng.
ngulêr: kn. ak. kaya ulêr; [x] kambang ws: satitahe (alon-alonan); [x] kilan ak: mblandhang mlumpat-mlumpat (tmr. jaran); kc. ulêr.
ngulêsi: kn. 1 nutupi nganggo ulês; 2 mbuntêl mayit; kc. ulês.
ngulêt: kn. nyampur sarana diudhak lan diwênyêd-wênyêd; kc. ulêt.
nguli: I kn. bêburuh dadi kuli; kc. kuli. II [x]-uli kn: ngulèni; kc. uli.

ngulig: (-ulig) kn. ngginyêr-ngginyêr wêtêng (supaya mari lêlarane); 2 nggarap (jago, kêmiri lsp) supaya patohan; kc. ulig.
ngulihi: n. ngantuki k. ak. mulih mênyang ing, mbalèni (bojo kang dipêgat); ngulihake n. ngantukakên k. ngondurake ki: 1 nggawa (ngêtêrake) mulih; 2 mbalèkake; kc. ulih.
ngulih-ulihi: kn. ak. mènèhi ulih-ulih marang; kc. ulih-ulih.
ngulik-ulik: êngg. ak. nguthik-uthik; kc. ulik.
ngulinani: kn. kulina marang; ngulinakake: manuhake; kc. kulina.
ngulir: êngg. ak. 1 mutêr, ngubêngake (sêkrup lsp); 2 nyopot nganggo kotrèk; kc. ulir.
ngulir budi: pc. mikir, ngêtog pikiran (golèk reka).
ngulu: I kn. ak. ndokoki sandhangan ulu; kc. ulu. II kn: ngêlêg (pangan); [x] ambêkan pc: nglalu ngampêt ambêkan; [x] idu pc: clêgukan (kêpengin bangêt); kc. ulu.
ngulub: kn. nggodhog jêjanganan; kc. kulub.
ngulukake: I kn. 1 êngg. ngumbulake (layangan); 2 mbêdhil munggah; nguluk-uluki: ngunèkake bêdhil (mêrcon) kanggo ngurmati; kc. uluk. II êngg. kn. ngulungake; kc. uluk.
nguluk ningkah: kn. mêgat; kc. kuluk.
nguluki salam: kn. mbagèkake lsp. sarana uluk salam.
ngulungi: kn. mènèhi sarana diathungake tangane; ngulungake: 1 ngacungake
--- 416 ---
mêmènèhi; 2 nglilakake, mènèhake, masrahake; kc. ulung.
ngulur(ake) ~ ngundhamana.
ngulur: (ake) I kn. nyêbar wiji (ing tanjan); nguluri: nyêbari wiji; kc. ulur. II kn: 1 ndawakake, ngalar (tali lsp); 2 ngunggahake (prakara) marang pangadilan kang luwih dhuwur; nguluri: mitulungi (pangan lsp); kc. ulur.
ngulon: I n. ngilèn k. mênyang ing kulon. II [x]-i kn: tansah ngulu; kc. ulu. III [x]-i kn. ak: ndhisiki; kc. ulu.
ngumadama: kw. mbodho; kc. kumadama.
ngumah-umahake: n. ngemah-emahakên k. êngg. ak. ngomah-omahake; kc. umah, omah.
ngumala: kw. (sumorot) kaya intên; kc. kumala.
ngumani: kn. mènèhi bagean; kc. uman.
nguman-uman: kn. ngundhat-undhat, ngunèk-unèkake (nyênyampahi); kc. uman.
ngumbah: (i) kn. masuh(i); kc. kumbah.
ngumbak: êngg. kn. ngombak.
ngumbal: êngg. ak. nyewa (rajakaya lsp); kc. umbal.
ngumbang-umbang: êngg. kn. nguman-uman, ngundhat-undhat; kc. umbang.
ngumbar: kn. nguculake (nguja) ing sakarêpe; kc. umbar.
ngumbara: I kn. ak. lunga saparan-paran. II kw. mabur.
ngumbe: êngg. kn. ngombe.
ngumbèni: kn. kumbi marang; kc. kumbi.

ngumbyungi: kn. ak. ngubyungi, ngombyongi; kc. umbyung.
ngumblug: pc. mumpluk; kc. umblug, mumblug.
ngumbuk: (-ngêruk) kn. ak. têtumpukan akèh bangêt; kc. umbuk.
ngumbulake: kn. ngulukake, ngunggahake mumbul; kc. umbul, mumbul.
ngumbrêng: kn. ak. 1 mbrêngêngêng; 2 nggrumung; kc. gumbrêng.
ngumbruk: pc. têtumpukan akèh bangêt; kc. umbruk.
ngumêd-umêdake: pc. ngobahake cangkêm; kc. umêd.
ngumêdi: kn. kumêd marang; kc. kumêd.
ngumêl-umêli: kn. nggrênêngi; kc. umêl.
ngumêt-umêtake: kn. ak. 1 ngubêngake ngganjrêt; 2 njalari mumêt; kc. umêt, mumêt.
ngumik-umik: kn. obah-obah cangkême (kaya ndongani); kc. umik.
ngumisi, ngumisèni: kn. niti priksa, mriksa; kc. kumisi.
ngumyang, ngumyêng, ngumyung: kw. gêdêr arame; kc. kc. umyung.
ngumuki: kn. ak. umuk marang; kc. umuk.
ngumulun: kw. ngabdi, ngèngèr; kc. ulun.
ngumum: kn. ak. umum; ngumumake: mratakake ing umum, nglumrahake; kc. umum.
ngumur: kn. ak. umur. ngumobake: kn. nggodhog nganti umob; kc. umoh.
ngumor-umori: kn. ak. njalari umor.
ngumpa: pc. ngompa, mompa; kc. kumpa.
ngumpah-umpah: kn. ak. nguman-uman, ngundhat-undhat; kc. umpah.
ngumpak: kn. ngonggrong, ngalêm; [x]-i: ndokoki umpak; kc. umpak.
ngumpal-umpal: kn. mumpal-mumpal.
ngumpamakake: n. ngumpamèkakên k. êngg. ngupamakake; kc. upama.
ngumpêl: pc. ora mêtu-mêtu; kc. umpêl, mumpêl.
ngumpêt: (ake) kn. ndhêlikake, nyidhêm; kc. umpêt.
ngumplèh: kn. ak. amba nggandhul (tmr. lambe).
ngumplit, ngumplèt: kn. ngrombak tatanan sawah gadhuhan; kc. kumplitan.
ngumpuk-umpuk: kn. ak. nênumpuk, ngundhung-undhung; kc. umpuk.
ngumpul: n. ngêmpal k. nglumpuk, nunggal dadi siji; kc. kumpul.
ngumprêng: pc. nggumbrêng.
ngumprukake: pc. ngumbrukake; kc. umbruk.
ngumrês: pc. ngubrês; kc. umrês.
ngunandika: kw. gunêman sajroning ati.
ngundang: kn. 1 akon mara, nyêluk; 2 nyêbut; 3 ngulêmi; kc. undang.
ngundêri: kn. ak. ndokoki ciri undêran; kc. undêr.
ngundur: kn. ak. 1 nyuwak (pangkat, sêsêbutan); 2 mocot; 3 nyumênèkake; [x]-i: 1 mungkur nyingkiri; 2 nunjang lsp. nalikane mundur; 3 ngêmohi, nyèlèhake (pakaryan lsp); 4 mèh têkan ing (wayahe lsp); kc. undur, mundur.
ngundur-undur: kn. ak. ngêngurangi (nyuda) saka sathithik; kc. undur.

ngunjal: kn. 1 êngg. nyinggahake pari (panènan); 2 gawe susuh; [x] ambêkan (napas): nyêrot ambêkan; ngunjal-unjal êngg: nggotong, ngusung; kc. unjal.
ngunjar: kn. ak. ngumbar (ora diblênggu tmr. pasakitan); kc. unjar.
ngunjara: kn. ak. nglêbokake kunjara (mblui); kc. kunjara.
ngunjêl-unjêl: êngg. kn. ngêsuk-êsuk; kc. unjêl.
ngunjuk: I ki. ngombe; [x]-i ki: 1 ngombèni; 2 nusoni; kc. unjuk. II [x]-i uninga ki: ngaturi priksa; [x]-ake ki: ngaturake; kc. unjuk, konjuk.
ngunjung: (-unjung)ake: numpuk munjung-munjung; kc. unjung, munjung.
ngundha: kn. 1 ak. ngumbulake; 2 ngulukake (layangan), ngaburake manuk dicêncang ing bolah; kc. undha.
ngundha-usuki: kn. ak. ora akèh bedane karo; kc. undha-usuk.
ngundhagèni: kn. ak. pintêr mungguhing; kc. undhagi.
ngundhaki: n. ngindhaki k. muwuhi akèh; kc. undhak, mundhak.
ngundhamana: kn. ak. nyrêngêni kanthi ngundhat-undhat; kc. undhamana.
--- 417 ---
ngundhangi ~ ngungang.
ngundhangi: kn. ak. ndhawuhi (sarana undhang); kc. undhang.
ngundhat-undhat: kn. ngundhamana kaluputane kang wis-wis; kc. undhat.
ngundhêr: pc. ora ngolah-ngalih (mêtu-mêtu); kc. undhêr.
ngundhi: I kn. nglotre; kc. undhi. II kn: gawe grabah; kc. kundhi.
ngundhili: kn. ak. ngudhili.
ngundhuh: kn. 1 mêthik (wowohan lsp), njupuk (susuh lsp); 2 nêkakake pangantèn; kc. undhuh.
ngundhuki: kn. 1 ngrudhuki (diyan lsp) supaya suda padhange; 2 (ut. ngundhuk-undhuki) njontrot (pitik) supaya mara; kc. undhuk.
ngundhung-undhung: kn. ak. numpuk sungsun-sungsun; kc. undhung, mundhung.
ngunèn: (unèn)i ala n. ngungêl(ungêl)i awon k: ngujar-ujari; ngunèkake n. ngungêlakên k: 1 nabuh (gamêlan lsp), nyêbul (somprèt lsp); 2 nyulêd mrêcon lsp) supaya muni; 3 ngucapake (maca) layang lsp; 4 ngarani, nganggêp kaya; ngunèk-unèkake: ngujar-ujari ala; kc. uni.
ngunêk-unêki: kn. ak. njalari munêk-munêk; kc. unêk.
nguni: (-uni) kn. ak. biyèn; kc. uni.
nguningani: kw. wêruh; kc. uninga.
ngunir: kn. ak. kaya kunir (kuning).
nguniwèh: kw. luwih-luwih, samono uga.
ngunu: I êngg. ak. ngilèni (nyoroti) banyu (ing sawah); kc. unu. II êngg. kn. nglumpukake keceran bêras (pari); kc. unu, wunu.
ngunul: pc. mlaku (mlayu) rikat.
ngunus: kn. 1 êngg. nglolos (nguthut) pari lsp; 2 nglolos (narik) kêris lsp; kc. unus.

nguntal: I kn. 1 ngulu têrus (tanpa dimamah); 2 ks. mangan; kc. untal. II [x]-ake êngg: ndhêsêk lsp. nganti kontal; kc. untal, kontal.
nguntal ambêkan: kn. ak. nglalu ngampêt ambêkan.
nguntapake: kn. 1 ngêtêrake (nalikane mangkat, lunga); 2 ([x] pati) br. matèni; kc. untap.
nguntar-untar: kn. ak. 1 murub mubyar, panas bangêt; 2 br. muring-muring; kc. untar.
nguntarakake: pc. nitakake; kc. untara.
nguntarani: n. nguntawisi k. ak. ngantarani, mratandhani yèn; kc. untara, antara, watara.
ngunték: êngg. kn. nuntak, nyuntak; kc. kuntêk.
nguntêl-untêl: kn. nggulung diuwêl-uwêl; kc. untêl, muntêl.
nguntili: êngg. ak. nguntingi kn. mbêntèli, nalèni sabêntèl-sabêntèl; kc. until, unting.
nguntir: kn. nyêkêl diputêr mubêng; kc. untir, puntir.
nguntug-untug: kn. ak. mangkêl bangêt.
nguntu-walang: kn. 1 nyambung (blèg lsp) ing gathukane sambungan mawa cringih-cringih cêcathokan; 2 nandur (nanja lsp) wujud rong larik blênjat-blênjat; kc. untu-walang.
nguntungi: pc. njalari untung.
nguntupake: kn. 1 ngatonake pucuke sathithik; 2 ent. nglairake (mahyakake) sathithik (tmr. panêmu lsp); kc. untup.
nguntut: kn. 1 mangan (barang kang mawur) saka sathithik; 2 êngg. ngirit-irit; 3 (ut. [x]-i) pc. mangan; kc. untut.
ngunton-untoni: kn. ak. ndokoki unton-unton.
nguntrêng, nguntrug, nguntrung: pc. lunga (mlaku) rêrikatan.
ngunca: br. gondhèlan kunca, tansah tut-buri; kc. kunca.
nguncali: kn. mbalangake ing; nguncalake: 1 nyawatake, nibakake ing; 2 nibakake (pancing lsp); 3 br. mbuncang, ngontalake; kc. uncal.
nguncang: kw. mbuncang, ngontalake; kc. uncang.
ngunce: kn. ak. ngonce; kc. once.
nguncêg: (i) kn. mbolong nganggo uncêg.
nguncêl: êngg. kn. nekad.
ngunci, nguncèni: kn. ngancing nganggo kunci.
nguncis: pc. katon kuru (pucêt).
nguncit-uncit: kn. 1 pc. tansah ngoyak-oyak; 2 ak. nyêndhal (njambak) rambut; kc. uncit.
ngunclang: êngg. kn. mbuncang, nguncalake.
ngunclug, ngunclung, nguncug: pc. mlaku rikat ora nolèh-nolèh.
ngunculake: kn. ngatonake, ngêtokake; kc. uncul, muncul.
nguncupake asta: kw. nangkêbake tangan (nyêmbah); kc. kuncup.
nguncrati: kn. muncrat kêna ing; kc. uncrat, muncrat.
ngunthêl-unthêl: pc. nggêlung mung dibêsuwêlake; kc. untêl.
ngunthêr: I êngg. kn. ngundhêr. II [x]-i kn: ndokoki (ngrêngga) unthêr-unthêr.
ngunthêt: kn. 1 ngêlongi (nylingkuhake) sathithik; 2 ent. nyidhêm (ora mblakakake); kc. unthêt.

nginthili: êngg. ak. nguntingi.
ngunthuk: êngg. kn. umuk; kc. unthuk, munthuk.
ngunthul: pc. 1 dadi unthul; 2 mlayu njrunthul; [x]-i: mènèhi unthul (jangkrik lsp); kc. unthul.
ngunyari: êngg. kn. nguntingi pari (kira-kira satêkêm); kc. unyar.
ngunyêl-unyêl: êngg. kn. nguyêl-uyêl, nguyêk-uyêk; kc. unyêl.
ngunyêr: (-unyêr) kn. manggon (kang krasa lara); [x]-i: ndakwa; kc. unyêr, munyêr.
ngunylug, ngunyug: pc. têrus mlaku.
ngunyur: pc. tansah mlaku.
ngungak: kn. ndêlêng manglung; kc. ungak.
ngungalake: kn. nyungulake (sumbu diyan lsp), ndêgègake dhadha; kc. ungal.
ngungalakên: k. ak. ngunèkake; kc. ungal, ungêl, uni.
ngungang: kn. ak. manglung ing; kc. ungang.
--- 418 ---
ngungap-ungapi ~ nguprêt.
ngungap-ungapi: êngg. kn. ngungak-ungaki, nitipriksa ing sadurunge; kc. ungap.
ngungas-ungas: kw. ngambu-ambu, ngambus-ambus; ngungasake kw: ngumukake (kapintêrane lsp); kc. ungas.
ngunggabi: êngg. kn. ngungkabi; kc. ungkab.
ngunggahi: n. nginggahi k. 1 munggah ing; 2 madoni (rêmbug lsp); 3 (ut. ngunggah-unggahi) mara njaluk diêpèk bojo; kc. unggah.
ngunggah-ungguhake: kn. ak. nandukake unggah-ungguh.
ngunggar: êngg. ak. 1 njênggarake apa-apa kang kêmpêl (sêga lsp); 2 br. ngumbar, nguja (hawa lsp); kc. unggar.
ngunggêb: êngg. ak. ngungkêb; kc. unggêp, ungkêp.
ngungguli: kn. ak. ndhuwuri, ngungkuli; ngunggul(-unggul)ake ak: nyungulake (ngumbulake), ngaton-ngatonake; kc. unggul, munggul.
ngunggut-unggut: kn. ak. ngigit-igit.
ngungkabi: kn. 1 mbukak (tutup lsp); 2 br. ngatonake (kabisane lsp); kc. ungkab.
ngungkad: kn. ak. 1 nyidhuk banjur diwalik (godhogan tela lsp); 2 ent. nênangi (nêpsu kang wis lêrêm lsp), nyungulake manèh (prakara kang wis sirêp lsp); kc. ungkad, mungkad.
ngungkak krama: kn. ninggal tata krama (kurang ngajêni); kc. ungkak.
ngungkal: I kn. 1 ngasah ing wungkal; 2 ak. kaya wungkal; kc. ungkal, wungkal. II kn. ak: nyongkèl; kc. ungkal.
ngungkang: kn. ak. ngongkang.
ngungkêb: kn. nglêbokake ing kuwali lsp. ditutup rapêt; kc. ungkêb.
ngungkêg-ungkêg: kn. ngogak-ogak paku lsp. arêp dicopot; kc. ungkêg.
ngungkih: kn. 1 ak. nyènèng (nggèrèd) disingkirake; 2 êngg. ak. ngalahake, nêlukake; 3 ngêsur, ndhesuk; 4 êngg. ngudi, njangka; kc. ungkih.

ngungkil: kn. nyongkèl, njongkèng diwalik; kc. ungkil.
ngungkiri: pc. nyelaki; kc. mungkir.
ngungkuli: kn. nglangkahi (dumunung sadhuwure), ngluwihi (kèhe lsp); kc. ungkul.
ngungkuri: n. mêngkêri k. ora ngarêpake marang; ngungkurake: 1 ndokok ing saburine; 2 ngêtrap lsp. mungkur; 3 ent. nyingkur, ngêmohi; kc. ungkur, mungkur, pungkur.
ngungkrah-ungkrah: kn. ak. njupuki lsp. nganti pating blengkrah; kc. ungkrah.
ngungkrêd: kn. ngêlongi ut. ngurangi (dawane lsp); kc. ungkrêd.
ngungkruk: kn. ak. tumungkul (mbungkuk).
ngungun: kn. gumun bangêt.
ngungupake: kn. nyungulake sathithik; kc. ungup, mungup.
ngungrum: kw. namakake têmbung pamalat sih; kc. rungrum.
ngungsêb-ungsêbake: kn. nggangsur-gangsurake rai ing lêmah; kc. ungsêb.
ngungsêd: kn. ak. 1 ngudi bangêt bisane nggayuh (ngèlmu lsp); 2 njaluk kanthi adrêng; kc. ungsêd.
ngungsêl-ungsêl: kn. ndhrêsêli, nyrondholi; kc. ungsêl.
ngungsêng-ungsêngi: pc. ngusari lênga ing wajan lsp; kc. usêng.
ngungsêrake: kn. ak. ngubêngake ngganjrêt; kc. ungsêr, mungsêr.
ngungsi: kn. lunga nyingkiri bêbaya (banjir lsp); kc. ungsi.
ngungsil-ungsilake: kn. njaluk-njalukake supaya bisa olèh pagawean lsp; kc. ungsil, usil.
ngungsir: kn. 1 êngg. ak. nundhung; 2 kw. ngoyak; kc. ungsir, usir.
ngungsum: kn. ak. ungsum.
ngupa: kn. ak. ngrakêtake nganggo upa; [x]-upa êngg. ak: ndulang bocah (ngajari mangan sêga); kc. upa.
ngupaboga: kn. ak. golèk pangan.
ngupadi: kw. golèk; kc. upadi.
ngupadosi: k. ak. nggolèki.
ngupadrawa: kw. niksa, agawe sêdhih (susah); kc. upadrawa.
ngupa-jiwa: kn. ak. golèk pangan.
ngupagawe: n. ngupadamêl k. ak. nggarap gawe, ngupakara; kc. upagawe.
ngupahi: êngg. n. ngopahi; kc. upah, opah.
ngupaya: kn. ak. 1 br. ngreka, ngrenah; 2 golèk; kc. upaya.
ngupakara:. 1 kw.ak. ngrêrêngga, majang; 2 kn. nggarap (nandangi) kalawan bêcik, ngopèni kalawan têmên-têmên; kc. upakara.
ngupakat: pc. mupakat.
ngupaksama: kw. ak. ngapura; kc. upaksama.
ngupamani: kn. ak. mènèhi upama, nyanepani; ngupamakake n. ngupamèkakên k: mindhakake karo, madhakake karo; kc. upama.
ngupapati: kw. ak. mulang; kc. upapati.
nguparêngga: kw. ngrêngga, majang; kc. uparêngga.
ngupas: I pc. dadi upas. II [x]-i kn: misani; kc. upas.
ngupasanta: kw. ak. nglipur; kc. upasanta.

ngupasuba: kw. ngrêngga-rêngga, nyuba-nyuba; kc. upasuba.
ngupat: kn. 1 gawe kupat; 2 pc. kaya kupat.
ngupatani: kn. ak. nyupatani; kc. upata.
ngupacarani: kn. ak. mbagèkake lsp. kalawan upacara.
ngupèksa: (ni) kw. niti-priksa, nyumurupi; kc. upèksa.
ngupêksa: êngg. kn. ngujêg.
ngupêng: (i) kn. ak. ngubêngi, ngêpung; kc. kupêng.
ngupil: (-i) kn. 1 nglèlèti upil; 2 êngg. mipili (jagung); 3 êngg. ngopèli (cènggèr); kc. upil.
nguping: kn. 1 ak. kaya kuping; 2 pc. ngrungokake; kc. kuping.
nguplik: pc. 1 cilik bangêt (tmr. cangkêm); 2 ngamplik; kc. uplik.
ngupluk: êngg. kn. ngongklok, ngocak-ocak; kc. kupluk.
nguput-uput: êngg. ak. esuk umun-umun.
nguprêt: I pc. ngamprêt (cêkak bangêt).
--- 419 ---
II [x]-uprêt kn: ngubêr-ubêr, ngoyak-oyak; kc. uprêt.
ngur ~ ngutangi.
ngur: pc. angur.
ngura: (-ura) kn. ak. ngudhar-udhar, njênggarake; kc. ura.
ngura-ura: kn. ak. têtêmbungan sêru; kc. ura-ura.
ngurab: kn. ak. nyarub (nyampur) karo; kc. urab.
ngurag: kn. mati tuwa; kc. urag.
ngurah: (-i) êngg. ak. ngrêsiki wadhah lsp. nganggo banyu; kc. kurah.
ngurak-urak: êngg. ak. nundhung akon lunga; kc. urak.
ngurak-urakake: I kn. ak. ngudhar-udhar, njênggarake; kc. ura. II (ut. nguran-urani) kn: ngênêng-ênêngi (bocah lsp) sarana ura-ura; kc. ura-ura, uran-uran.
ngurantèni: kw. nyandhêt; kc. kuranti.
ngurangi: n. ngirangi k. nyuda; kc. kurang.
nguras: kn. 1 ngrêsiki (kulah lsp) sarana ditawu banyune; 2 pc. ngêntèkake kabèh; kc. kuras.
ngurat: I (ut. [x]-i) êngg. kn. mbage (sawah) manèh; kc. urat. II (A) kn. ak. palanangan, pawadonan.
ngurbanake: kn. 1 ngunjukake kurban; 2 ent. nglabuhake, dadi kurban; kc. kurban.
ngure: kw. ngudhar, ngore; kc. ure, ore.
ngurêbi: kn. ak. ngrungkêbi, nêtêpi (prasêtyane lsp); ngurêbake: nyèlèhake mêngkurêb; kc. kurêb.
ngurêk-urêk, ngurêki: kn. nguthêk-uthêk (ngêruki) nganggo driji; kc. urêk.
ngurên: êngg. kn. nyuguh; kc. kurên.
ngurêng: kn. 1 ngobong saka sathithik; 2 katon bolong jêro (tmr. gudhig lsp); kc. urêng.
ngurih: êngg. kn. ngusap(i), ngulap(i); kc. kurih.
nguriki: kn. 1 ngrowoki nganggo urik; 2 nyuthiki (ngrêsiki) bêdudan; 3 ngakali (ênggone dolanan); kc. urik.
nguring-uring: kn. tansah nyrêngêni; kc. uring, muring.

ngurip-urip: n. nggêgêsang k. ngopèni lsp. amrih lêstari urip; nguripi: mitulungi lsp. supaya urip, ora sida dipatèni; kc. urip.
nguris: pc. kuru bangêt.
ngurisi: êngg. kn. ngêrik (maèsi) pangantèn.
ngurit: (i) kn. nyeblokake wulèn pari (dhêdhêr); kc. urit.
ngurmati: kn. awèh pakurmatan marang; kc. urmat, kurmat.
ngurubake: kn. ndamoni lsp. supaya murub; kc. urub, murub.
ngurubi: êngg. pc. nglurubi; kc. lurub, urub.
ngurud: êngg. kn. nyuda, ngurangi; [x] banyu êngg: ngilèkake banyu; kc. urud.
ngurug: (urugi) kn. ngêsokake lêmah ing (luwangan lsp); kc. urug.
nguruh: pc. muruh, mumpluk; kc. uruh, muruh.
nguruk: êngg. ak. mulang; kc. uruk, wuruk.
nguruni: kn. mènèhi urunan; kc. urun.
ngurung: I n. nyêngkêr k. 1 nglêbokake ing kurungan; 2 pc. miyara, ngingu (tlèdhèk lsp); kc. kurung. II êngg. kn: lunga bêburuh ngênèni pari; kc. kurung. III [x]-urung kn. ngiringake njajari kiwa têngên; kc. urung.
ngurus: kn. niti priksa (prakara), nindakake (pakaryan lsp); kc. urus.
ngurus-urusi: kn. ngombèni jamu supaya murus; kc. urus, murus.
ngurut: kn. 1 (ut. nguruti) nêkêm (njapit) banjur ditlusurake supaya padha pêthil (tmr. godhong lsp); 2 (ut. [x]-ake) nata (nyritakake urut-urutan; 3 (ngginda ki) mijêti ditlusur-tlusur; kc. urut.
ngusadani: kw. nambani, njamoni; kc. usada.
ngusak-usêkake: kn. nggêgosokake ing; kc. usêk.
ngusap: (-usapi) kn. 1 nggosokake ing rai lsp; 2 ngulapi, ngrêsiki; kc. usap.
ngusar: (-usar)i kn. nglèlèdi diwratakake; kc. usar.
ngusêk: (-usêkake) kn. nêcêk lan nggosok-nggosokake (têgêsan rokok lsp); kc. usêk.
ngusêl-usêl: pc. ngungsêl-ungsêl.
ngusêng-usêngi: kn. ngusar-usari lênga ing wajan lsp; kc. usêng.
ngusêr-usêrake: kn. ak. ngubêng-ubêngake ngganjrêt; kc. usêr, ungsêr.
ngusi: kw. ak. ngoyak; kc. usi.
ngusik: kn. nggosok (jobin lsp) supaya alus; kc. usik.
ngusil-usil: kn. ak. ngungsil-ungsil; kc. usil, ungsil.
ngusir: I kn. 1 êngg. nundhung; 2 kw. ngoyak; kc. usir. II pc: dadi kusir; [x]-i: nglakokake kreta; kc. kusir.
ngusug: kn. 1 ak. nggosok ing parêm (sabakdane dipijêt); 2 njupuk keceran bêras; kc. usug.
ngusuki: I êngg. kn. ngosoki; kc. kusuk. II kn. ak: ngêtrapi usuk; kc. usuk.
ngusulake, ngusuli rêmbug: kn. nawakake (rêmbug, panêmu lsp) marang; kc. usul.
ngusum: kn. ak. usum.
ngusung: kn. nggawa ngalih (bêbarêngan wong akèh); kc. usung.

ngusus: pc. kaya usus (kêndho, ngloko); [x] pitik pc: ruwêd (tmr. tali); kc. usus.
ngusut: kn. ak. ngglobot (ora macak); [x]-ake, ngusudake ak: ngisin-isini, njalari kusut; kc. kusut.
ngusrêgake: kn. ak. njalari (agawe) kurang jênjêm; kc. usrêg.
nguswa: kw. ngambung; kc. kuswa.
ngutahake: êngg. kn. 1 mutahake; 2 ngêtokake apa-apa kang wis dipangan; kc. utah, wutah.
ngutamakake: n. ngutamèkakên k. ak. nganggêp luwih utama; kc. utama.
ngutangi: n. nyambuti k. nyilihi dhuwit; kc. utang.
--- 420 ---
ngutarakake ~ nguwori.
ngutarakake: kn. ak. ngandharake, nyritakake; kc. utara.
ngutêr: kn. 1 ak. ngiris (nggunting) kawangun bundêr; 2 êngg. mutêr (wit); kc. utêr, putêr.
ngutil: kn. nyolong sarana nglimpe; kc. util.
ngutis: êngg. pc. kaya kutis (ora idhêp isin).
ngutu: êngg. pc. 1 mlaku rikat tanpa ngingêtake kiwa têngên; 2 ngamuk, ngiwut; kc. utu.
ngutugi: kn. ngêbuli nganggo dupa; kc. kutug.
ngutuhake: n. ngêtahakên k. pc: mutuhake; kc. utuh, wutuh.
ngutus: ki. kongkon; kc. utus, kon, kongkon.
ngucal: êngg. k. 1 ngolah; 2 mulang; [x]-i êngg. k: ngulati (nggolèki); kc. ucal.
ngucap: kn. clathu, gunêman; kc. ucap.
ngucêk: (-ucêk) kn. 1 mênêt-mênêt mata (nganggo driji); 2 ngrêmêt-ngrêmêt (wasuhan lsp, supaya rêsik); kc. ucêk.
ngucêl-ucêl: kn. nyêkêl lan nguwêd-uwêd; kc. ucêl.
ngucêmake: kn. ak. njalari (marakake) kucêm; kc. kucêm.
ngucik(-ucik): kn. ngelingake lan njaluk (apa-apa kang wis disaguhake lsp); kc. ucik.
ngucing: I pc. melik bangêt; kc. kucing. II kn: mijêt lêngên nganti mêtu kucinge; kc. kucing.
ngucir: I pc. mlayu rikat (marga kalah lsp). II [x]-i kn. ak: ndokoki kucir.
ngucira: kw. ora sêmbada, nguciwani; kc. kucira.
nguciwani: kn. kurang sêmbada, njalari kuciwa; kc. kuciwa.
nguculi: kn. ngudhari tali lsp; kc. ucul.
ngucut: êngg. kn. nguthut, nglolos; kc. ucut.
nguconi: kn. ngumbah saperanganing jarit lsp. kang rêgêd; kc. kucu.
ngutha: kn. ak. kaya kutha (bètèng); mbêguguk [x] waton pr: mbangkang marang prentah; kc. kutha.
nguthahi: kn. ak. ngrêgêdi; kc. kuthah.
nguthani: kn. ak. ngêdêgake kutha ing; kc. kutha.
nguthèhi: êngg. kn. nguthahi, ngrêgêdi; kc. kuthèh.

nguthêk-uthêk, nguthak-uthêk: kn. ndumak-ndumuk nganggo driji; kc. uthêk.
nguthêl-uthêl: pc. kêcêndhakên (tmr. piranti lsp); kc. uthêl.
nguthik-uthik: kn. 1 êngg. ngulik-ulik (rambut lsp); 2 ndumuk-ndumuk nganggo driji lsp; kc. uthik.
nguthuh: pc. mblubut, ora idhêp isin.
nguthuk: pc. miyara kewan wiwit cilik; kc. kuthuk.
nguthun-uthun: kn. ngugung ut. ngêmi-êmi (bocah); kc. uthun.
nguthut: (-i) kn. 1 mbêsèti (nglolosi) godhong pari kang katut ing wulèn; 2 nyolong (mêthiki) pari ing sawah; 3 ngiyat, mbukak kêrtu (uga ent.) kc. uthut.
nguwayani: kn. ak. ngawekani; kc. kuwaya.
nguwakake: kn. ak. 1 êngg. nguwalake, nguculake; 2 nglêmparakake, ngêtogake bae; kc. uwa.
nguwalahi: kn. ak. malahi.
nguwalake: kn. nguculake saka; kc. uwal.
nguwalati: kn. ak. malati; kc. kuwalat, walat.
nguwalokake: kn. ak. ndadèkake anak kuwalon.
nguwar-uwarake: êngg. ngundhangake, mbiwarakake; kc. uwar.
nguwasani: kn. duwe kuwasa mungguh ing; kc. kuwasa.
nguwas-(u)wasi: kn. njalari uwas (sumêlang) ing ati; kc. uwas.
nguwati: n. ngiyati, nguwanèni k. nyangga ing sakabutuhane (wragade lsp); kc. kuwat.
nguwatiri: (nguwatirake ak) n. nguwatosi (nguwatosakên ak) k. nyumêlangi, kuwatir marang; kc. kuwatir.
nguwèhi, nguwèk, nguwèn(-i): êngg. ak. mènèhi, awèh.
nguwèk-uwèk êngg. pc. nyuwèk-nyuwèk; kc. uwèk.
nguwèt-(u)wèt: kn. ngati-ati panganggone supaya awèt; kc. awèt, uwèt.
nguwêd-uwêd: kn. nyêkêl lan ngêlus-êlus (gêmak lsp); nguwêdi: ngubêdi gangsingan; kc. uwêd.
nguwêk-uwêk: pc. ndulêg-ndulêg, ngêruki; kc. uwêk, kuwêk.
nguwêl-uwêl: kn. nguntêl-untêl (dluwang lsp); kc. uwêl.
nguwêng-uwêng: kn. nywara wêng-wêng (angin lsp).
nguwêri: kn. ak. ndokoki uwêr.
nguwik: (-uwik) kn. 1 nyuwik-nyuwik; 2 nguthik-uthik; kc. uwik, kuwik, nyuwik.
nguwil: pc. 1 nguwik; 2 ngrêsiki kopèt (nalikane cewok); 3 (ut. [x]-uwil) nyuwil(-nyuwil); kc. uwil, kuwil.
nguwir-uwir: kn. ak. kawir-kawir.
nguwisi: pc. ngrampungi, nglèrèni; kc. uwis.
nguwuh: kn. ak. 1 ngundang; 2 nyêbut, ngaruh-aruhi; kc. uwuh.
nguwuk: I kn. ak. nggosok (nggilapake) nganggo kuwuk. II [x]-ake kn. ak: murungake, njugarake; kc. uwuk.
nguwul:(-uwul)i kn. ak. muwuhi, ngundhaki; kc. uwul, wuwul.
nguwung: I pc. awangun kuwung. II ngênguwung kn: awangun mlêngkung; kc. kuwung, kluwung.

nguwur-uwuri: kn. nyêbari barang lêmbut; kc. uwur.
nguwurake: kn. njalari kuwur; kc. kuwur.
nguwusi: kn. ak. ngrampungi, nguwisi; kc. uwus.
nguwus-uwus: kn. ak. ngujar-ujari, ngunèk-unèkake; kc. uwus, wuwus, muwus.
nguwohi: kn. ak. awoh; kc. woh.
nguwongi: kn. ak. ngisèni (nyêdhiyakake) wong; kc. wong.
nguwori: êngg. ak. nyampuri, ngêwori; kc. wor, awor.
--- 421 ---
nguwot ~ ngoyong-oyong.
nguwot: kn. ngambah ing wot; kc. wot.
ngobahake: n. ngebahakên k. agawe supaya obah; kc. obah.
ngobat-abitake: kn. ngontang-antingake (pêdhang lsp); kc. obat-abit, mobat-mabit.
ngobèl: pc. mubêng megal-megol (tmr. rodha lsp); kc. obèng.
ngobèng: I pc. ngobèl. II kn: 1 buruh mbathik; 2 êngg. rewang (wong duwe gawe); kc. obèng.
ngobèti, ngobètake: kn. ak. nglowahi lsp. supaya kobèt; kc. kobèt.
ngobêrake: kn. mrêlokake supaya kobêr; kc. kobêr.
ngobin: kn. naksir sapira pamêtune (tmr. sawah); kc. obin.
ngobis: kn. nanduri kobis.
ngobyag-obyag: pc. nggobyag.
ngobyok-obyok: êngg. kn. ngumbah (sukêt) ing banyu; kc. obyok.
ngobyongi: pc. ngubyungi, ngombyongi; kc. obyong.
ngoblag, ngoblog: êngg. pc. ngoblah-oblah.
ngoblah-oblah: kn. 1 mênga amba; 2 katon amba sêla tanpa isi.
ngoblang, ngoblo: pc. nglonthe; kc. oblang, oblo.
ngoblug: êngg. kn. adang (ing dandang sablugan).
ngoblok-oblok: pc. nyrêngêni akèh-akèh.
ngoboki: kn. kêkobok ing; kc. kobok.
ngobong: n. mbêsmi k. 1 disulêd (dilêbokake) ing gêni; 2 manasi; kc. obong.
ngobor:(-i) êngg. ak. nggodhog; [x]-i: 1 nyuluh (mbrongot, madhangi) nganggo obor; 2 br. madhangake rêmbug; kc. obor.
ngobos: êngg. kn. kêmpros, ngobrol.
ngobrak-abrik: kn. ngrusak nganti pating blengkrah; kc. obrak-abrik.
ngobrakake: kn. ak. 1 mêrtakake mrana-mrana; 2 murungake, njugarake; kc. kobra.
ngobralake: kn. ngêdol murah-murahan; kc. obral.
ngobrogake: pc. nganggo padinan; kc. obrog.
ngobrok: êngg. ks. bêbanyu; kc. ngêbrok.
ngobrol: êngg. pc. omong gêgorohan; [x]-obrol êngg: ndhudhah ngudhal-udhal; kc. obrol.
ngobrot-obrot: êngg. pc. ngudhèt-udhèt wêtêng; kc. obrot.
ngododake: kn. ndudut supaya modod; kc. odod, modod.
ngodor: êngg. kn. adrêng bangêt.
ngodrat: kn. ak. mêsthèkake, nakdirake; kc. kodrat.

ngojahi: kn. ak. nyritani, ngandhani; kc. kojah.
ngojari: êngg. kn. wêling tuku.
ngojèh: êngg. kn. nyuwèk; kc. ojèh.
ngojèlake: êngg. kn. ngucik-ucik, nênangi; kc. ojèl, kojèl.
ngojudi: êngg. pc. mujudi; kc. kojud, wujud.
ngojurake: pc. njalari kojur.
ngojog: pc. njojog, mlayu; kc. ojog.
ngojok-ojoki: kn. ngajani ala; kc. ojok.
ngojong: I kn. ngêmban ojong; kc. ojong. II [x]-i kn: nutupi nganggo kojong.
ngodhal-adhil: kn. 1 ndhudhah diadhul-adhul; 2 miyak lan ngandhak-ngandhake[16] wadi; kc. odhal-adhil.
ngodhe: êngg. kn. 1 lêgèh, nganggur; 2 buruh nggarap; kc. odhe.
ngodhèg: êngg. kn. nggadhug, têkan ing; [x]-ake: ngogak-ogak; kc. odhèg.
ngodhèki: êngg. kn. ngorèki; kc. kodhèk.
ngodhèt-odhèt: kn. nyoblos (nyuwèk) wêtêng njupuki jêroane; kc. odhèt.
ngodhêngi, ngodhêngake: kn. ak. njalari kodhêng; kc. kodhêng.
ngodhogake, ngodhokake: êngg. kn. nyodhokake; kc. sodhog, sodhok.
ngodhok: pc. mlaku alon (sakêpenake), ora nênunggang (tmr. lêlungan); kc. kodhok.
ngodhol: kn. ngêtutake; kc. kodhol.
ngodhol-odhol: kn. ngudhal-udhal, ngudhèt-udhèt; kc. odhol.
ngodhori: êngg. kn. ngêtrapi kodhor.
ngogak-ogak, ngogak-agik, ngoglak-aglik, ngoglak-oglèk: pc. ngoyag-oyag (ngobahake) ngiwa nêngên supaya copot; kc. ogak.
ngogèlake: kn. ngobahake mogèl; kc. ogèl, mogèl.
ngoglèng: (-oglèngake) kn. ak. nyêngkêlit kêris sêmu dicongatake; kc. oglèng, moglèng.
ngogung: êngg. kn. ngugung.
ngogok-ogok: kn. nyogoki (lèng lsp); kc ogok.
ngogok-ogokake: êngg. pc. nyèlèhake (sajak ora dirêmbug); kc. ogok, mogok.
ngograh-ograh, ngogrèh-ogrèh, ngogro-ogro: êngg. kn. ngisruhi, ngganggu.
ngogrèg-ogrèg: pc. ngogak-ogak kunci lsp. supaya mênga; kc. ogrèg.
ngogrok-ogrok: pc. nyogoki (lèng lsp) nganggo gèntèr lsp; kc. ogok.
ngoyag-oyag: kn. ngobahake (wit, cagak lsp) miyut-miyut; kc. oyag.
ngoyahake: kn. nyandêrake (asu); kc. oyah.
ngoyah-ngayuh, ngoyat-ngayut: pc: koyah-kayuhan, ngiyak-ngiyuk.
ngoyak: (-oyak) kn. 1 mblêdig, mburu; 2 tansah nagih; kc. oyak.
ngoyang-oyong: êngg. pc. nggawa mrana-mrana; kc. oyang-oyong.
ngoyod: kn. mêtu oyode; 2 ent. wis bêbranahan akèh, wis lêlêmahên; kc. oyod.

ngoyog: (-oyog) kn. 1 nyêkêl lan ngobahake (wong turu lsp); 2 ngobahake supaya bali jêjêg (tmr. cagak) ut. supaya amot akèh (tmr. goni lsp); kc. oyog.
ngoyok: I (ut. [x]-oyok) kn. 1 êngg. ngoyak, mburu; 2 pc. ngruyuk, ngrubud; kc. oyok. II êngg. kn: maling bêbarêngan wong akèh; kc. koyok.
ngoyol-oyol: ks. nguyêl-uyêl (susu lsp); kc. oyol.
ngoyong-oyong: êngg. pc. nggawa mrana-mrana; kc. oyong.
--- 422 ---
ngoyos ~ ngomprès.
ngoyos: I êngg. kn. matun; kc. oyos. II êngg. kn: nglêbus, nglocut.
ngoyot: (-i) êngg. kn. ngirati lan nisiki (pring); kc. oyot.
ngokèhi: pc. n. ngakèhi; kc. akèh.
ngokèni: I êngg. mènèhi. II pc: kaya olah-olahane koki (enak bangêt); kc. koki.
ngokèr-okèr: pc. nyokèr-nyokèr; kc. cokèr.
ngoklèk-oklèk: pc. nyoklèk-nyoklèk; kc. oklèk.
ngoko: kn. tanpa tata-basa (pakurmatan) tmr. unggah-ungguhing basa (têtêmbungan); dingokokake: ditêmbungake ngoko; kc. koko.
ngokog: pc. nywara kog-kog (tmr. pitik).
ngokoh: kn. mangan sêga akèh duduhe (jangane); kc. kokoh.
ngokoli: kn. nggagahi, miyagah; kc. okol.
ngokop: kn. 1 ngombe cangkême diclup ing wadhah; 2 ks. ngombe; kc. kokop.
ngokot: êngg. kn. nekad, nggêgêgi; kc. kokot.
ngolag: -(ng)alig(ake) kn. ak. ngolak-alik; kc. olag-alig.
ngolah: kn. 1 br. nindakake; 2 êngg. ak. nggarap (sawah); 3 ngratêngi panganan lsp; kc. olah.
ngolah-ngalèh: êngg. kn. ngêlih-êlih; kc. kolah.
ngolah-ngalih: kn. tansah (kêrêp) ngalih.
ngolak-alik: kn. molak-malik; kc. wolak-walik.
ngolan-olan: kn. ak. awangun dawa (kaya ula).
ngolang: -(ng)aling kn. jêmpalikan (marga lara lsp).
ngolang-olang: êngg. kn. golèk; kc. olang.
ngolèdake: pc. ngêtokake (ilat lsp); kc. olèd, kolèd.
ngolèhi: êngg. ak. kalêksanan, kêturutan; ngolèhake n. ngangsalakên k: 1 ngudi nganti bisa olèh; 2 nggathukake karo (nêncang lsp); 3 njodhokake karo (tmr. laki rabi); kc. olèh.
ngolèh-olèhi: (-ake), ngangsal-angsali(-akên) pc. ngêtokake mole-mole; kc. mole.
ngolèt: êngg. kn. golèk; kc. olèt.
ngolêk: êngg. kn. gawe kolak; kc. kolak.
ngolêm: pc. ngulêmi sarana diidêri lis; kc. kolêm.
ngolik: pc. kaya manuk kolik.
ngoling: kn. ak. nggoling, jêmpalikan; kc. oling.
ngolod-olod: kn. kêpengin bangêt; kc. olod.

ngoloh: I kn. ak. ngêkum lan nêncêm ing (banyu warangan lsp); kc. koloh. II [x]-ake kn. ak: nglêbokake ing cangkêm; kc. koloh.
ngolok-olok: kn. ngundhat-undhat prakara kang uwis-uwis; kc. olok.
ngolongi: kn. ndokoki kolongan; kc. kolong.
ngolor: êngg. kn. 1 ngalar; 2 ngulur; kc. olor.
ngolot: pc. cara kuna; kc. kolot.
ngomahi: n. nggriyani k. mènèhi omah, ngênggoni; kc. omah.
ngomah-omahi: kn. ngromahi; ngomah-omahake n. ngemah-emahakên k. mikramakake ki: ngrabèkake, nglakèkake; kc. omah-omah.
ngomani: êngg. kn. ngumani; kc. oman, uman.
ngombak: kn. mêndhak mêndhukul (kaya ombak); kc. ombak.
ngombal: êngg. ak. ngumbal; kc. umbal.
ngombal-ambil: êngg. pc. ngolok-olok; kc. ombal-ambil.
ngombang: kn. ak. mbrêngêngêng (kaya kombang); [x]-ombang, ngombèng-ombèng êngg: grundêlan, nggrundêli; kc. kombang.
ngombe: kn. ngunjuk ki. nglêbokake ing cangkêm (tmr. barang cuwèr); kc. ombe.
ngombèri: kn. mènèhi papan, nglunggèni wêktu; kc. ombèr.
ngombyoki: kn. nalèni nganti dadi ombyokan; kc. ombyok.
ngombyongi: kn. ak. ngubyungi, ngubungi; kc. ombyong.
ngombyong-ombyong: kn. nyandhangi (nganggon-anggoni) sarwa bêcik; kc. ombyong.
ngombohake: êngg. kn. mblêbêgake (nyilêmake) ing banyu lsp; kc. komboh.
ngombol: êngg. kn. dicêmplungake ing tanjan akèh (tmr. wiji); kc. ombol.
ngombor: kn. makani jaran nganggo cacahan sukêt karo tètès lsp; kc. kombor.
ngombrokake: pc. ngumbrukake; kc. ombrok.
ngomèhi: êngg. kn. nyrêngêni; kc. omèh.
ngomèk: pc. amèk, golèk, njupuk.
ngomèl: ks. gunêman tanpa têgês; kc. omèl.
ngomisi, ngomisèni: kn. ak. ngumisi, nitipriksa; kc. kumisi.
ngomyang: ks. ndlêming, omong; kc. omyang.
ngomukake: êngg. ak. ngumukake, ngunggulake; kc. umuk.
ngomong: êngg. kn. nggunêm, ngojahake; kc. omong.
ngompa: pc. mompa; kc. kompa.
ngompak: pc. ngonggrong, ngalêm; kc. ompak, umpak.
ngompyong-ompyong: pc. ngombyong-ombyong.
ngomplangi, ngomplangake: kn. ak. nyuwungake; kc. komplang.
ngomplèh: kn. saèm. ndoblèh (tmr. lambe).
ngomplèt: kn. ngumplit; kc. kumplit.
ngomplo: pc. mlongo (ora olèh apa-apa).
ngomplong: pc. 1 bolong (mênga) amba; 2 ngomplo, mlongo.
ngomplot: pc. sêkuthon, sêkaitan; kc. komplot.
ngompol: kn. 1 nguyuh ing nalikane turu; 2 ak. ngêmu banyu (tmr. lêmah); kc. ompol.

ngompot: kn. ak. ndhêlik, umpêtan; kc. ompot.
ngomprèng: pc. cêkak bangêt (tmr. klambi lsp); kc. comprèng.
ngomprès: kn. ndokoki komprès.
--- 423 ---
ngomprot-omprot ~ ngongkrah-angkrèh.
ngomprot-omprot: êngg. kn. nyêbar pating tlècèk; kc. omprot.
(ngon): di-[x] n. dipunngèn k. 1 diumbar supaya mangan (tmr. kewan); 2 diulat-ulatake; kc. angon.
ngonang: I kn. ak. gêbyar-gêbyar kaya konang. II [x]-i kn: nyumurupi maling lsp. ing nalika iku uga; kc. konang.
ngonarake: êngg. pc. gawe onar; kc. onar.
ngonjoni: kn. ak. ngluwihi panganyange lsp; kc. onjo.
ngonjot: kn. 1 êngg. nutugake nggawa (mikul lsp) sabakdane lèrèn sadhela; 2 ngubêr wangênaning (kontrak lsp); [x]-i: mènèhi onjotan; kc. onjot.
ngondhani: êngg. ak. mènèhi wêktu dianggo ngaso; kc. ondhan.
ngondhangi: kn. ak. ngundhangi; kc. kondhang, undhang.
ngondhe: kn. nggêlung kondhe.
ngondhok-ondhok: êngg. kn. mangkêl (susah) bangêt ora kêwêtu; kc. ondhok.
ngondhol: ks. ngoyak-oyak wong wadon; kc. ondhol.
ngondhor: I pc. ngandhar-andharake, ngrasani ala; kc. ngandhar. II [x]-ake kn. ak. njalari (agawe) kondhor.
ngono: I n. ngatên k. pc. mangkono. II (ut. ngonoh) êngg: mrono.
ngontalake: kn. mbuncang lsp. nganti kontal; kc. kontal.
ngontan: pc. mbayar kêncèng; kc. kontan.
ngontang-antingake: kn. diobat-abitake; kc. ontang-anting.
ngontèl: êngg. kn. kinthil, tut-buri.
ngontêni, ngontênakên: k. pc. nganani, nganakake; kc. ontên, ana.
ngontitake: kn. ak. njalari (agawe) kontit.
ngontog-ontog: pc. nêpsu lan mangkêl bangêt.
ngontong: pc. kaya ontong gêdhang; kc. ontong, montong.
ngontor: I êngg. kn. ngglontor, nyêntor; kc. ontor. II [x]-ontor kn. ak: 1 ngurubake mubyar; 2 nêpsu bangêt; kc. ontor, montor.
ngontragake: kn. ngorêgake, agawe kontrag; kc. ontrag, kontrag.
ngontrak: kn. tuku (mburuhake, masokake lsp) sarana kontrak; kc. kontrak.
ngoncati: kn. oncat saka, nyingkiri; kc. oncat.
ngonce: kn. ak. ngronce (kêmbang lsp); kc. once, konce.
ngoncèk: (-i) kn. ngilangi kulite; kc. oncèk.
ngoncèng-oncèng: pc. ngoyak-oyak; kc. oncèng.
ngoncèri: kn. ndokoki koncèr; kc. koncèr, oncèr.
ngoncèt: (-i) êngg. kn. ngoncèki.
ngoncit-oncit: pc. ngoyak-oyak; kc. oncit, uncit.
ngonclang: (-onclangake) kn. ak. ngumbul-umbulake (gêgaman lsp); kc. onclang.
ngonclong: pc. têrus mlaku.

ngoncogi: êngg. kn. nêkani, njujug; kc. oncog.
ngoncong: kn. ak. mbalèkake sêga karon ing kukusan; kc. koncong.
ngoncori: I kn. nyoloki nganggo oncor; kc. oncor. II kn: 1 ak. ngancarake tumbak lsp. ing; 2 ngêlêbi (sawah lsp); 3 ngonjoni, ngêjuri; kc. oncor.
ngonthèl: I kn. ora kêmbênan (susune dikatonake). II [x]-i kn. ngombèni jamu (bocah cilik) nganggo onthèl; kc. onthèl.
ngonthol: (-i) êngg. kn. ngêdhuk tela lsp. wite ora dirubuhake; kc. konthol.
ngonyar-nganyur: pc. ngodag-ngadêg ora tata; kc. nganyur.
ngonylog, ngonyog, ngonyor: pc. têrus mlaku.
ngonyohi: ki. mborèhi; kc. konyoh.
ngonyok-onyokake: kn. nawak-nawakake (satêngah mêksa); kc. onyok.
ngong: kw. aku, -ku, dak-.
ngongak: êngg. kn. ngungak; kc. ungak.
ngongangi: êngg. kn. nglilani; kc. kongang.
ngonggak-anggèk: pc. ngongkak-angkèk.
ngonggèr: êngg. kn. ngunggar; kc. onggèr, unggèr.
ngonggo-onggo: kn. jibêg bangêt atine; kc. onggo.
ngonggor: êngg. kn. ngêlak.
ngonggrèh-onggrèh: kn. ngowah-owah, ngingsêd; kc. onggrèh.
ngonggrokake: êngg. pc. nyèlèhake (tanpa diopèni); kc. onggrok.
ngonggrong: kn. 1 ak. numpuk lan diganjêl dhuwur; 2 ngumpak, ngalêm kang kêladuk; kc. onggrong.
ngongkak-angkèk: pc. 1 nêkak-nêkuk bangkekan; 2 mlêtêr ing gawe, ngrêkasakake; kc. ongkak-angkèk.
ngongkal: (ake) kw. nyongkèl (barang kang abot); kc. ungkal, kongkal.
ngongkang: kn. 1 cêdhak bangêt lan ngarêpake ing; 2 êngg. lowah, longkang; 3 (atine [x]) êngg. gêla bangêt dening kecuwan; kc. kc. ongkang.
ngongkèk: kn. mikul nganggo ongkèk; [x]-ongkèk êngg. ngogak-ogak; kc. ongkèk.
ngongkèl: kn. ak. nyongkèl, ngungkil; kc. ongkèl.
ngongklèh: kn. ak. saèm. moglèng.
ngongklèng-ongklèng: pc. ngêngèl-êngèl; kc. ongklèng.
ngongkloh, ngongklong: êngg. kn. aras-arasên marga ngêlih bangêt.
ngongklok: kn. ngêntrog-êntrog (godhogan kênthang lsp); kc. ongklok.
ngongkog: kn. 1 ak. njunjung sathithik; 2 wiwit bisa njunjung awake (kaya arêp mbrangkang) tmr. bocah cilik; 3 êngg. ak. ngumpak, ngonggrong; kc. ongkog.
ngongkok: êngg. pc. ngêntol (rêrêgan); kc. ongkok.
ngongkon: n. ngèngkèn k. êngg. ak: akon, kongkonan marang; kc. kongkon.
ngongkong: êngg. kn. lowah.
ngongkosi: êngg. kn. mragadi, mbayari; kc. ongkos.
ngongkrah-angkrèh: kn. ngêlihi (ngowah-owah) [(ngowah-...]
--- 424 ---

[…owah)] pating blengkrah; kc. ongkrah-angkrèh.
ngongkrag-ongkrag ~ ngosok-osokake.
ngongkrag-ongkrag: êngg. kn. ngoyag-oyag, ngogak-ogak.
ngongkrong-ongkrongake: pc. nyèlèhake ing papan kang dhuwur; kc. ongkrong, mongkrong.
ngongod-ongod, ngongoti: kn. ngirisi (nisiki) pucuke; kc. ongot.
ngongsèng: kn. nggorèng diwolak-walik; kc. kongsèng.
ngongsêb-ongsêbake: kn. ngungsêb-ungsêbake; kc. ungsêb, kongsêb.
ngongsil-ongsilake: pc. ngungsil-ungsilake.
ngongslah: pc. mocot; kc. ongslah.
ngongsrong: êngg. kn. mênggèh-mênggèh ambêkane.
ngopahi: n. ngepahi k. mènèhi opahan; kc. opah.
ngopak: kn. gawe opak.
ngopat-apitake: kn. ngobah-obahake (buntut); kc. kopat-kapit.
ngopèk: pc. dawa kêndho (tmr. susu); kc. kopèk.
ngopèli: kn. 1 êngg. mêthili, mipil (jagung lsp); 2 ak. ngirisi cènggèr jago (diwangun); 3 ngunthêt, mbathi; 4 ks. nêtaki; kc. opèl.
ngopèni: kn. 1 êngg. ngrukti; 2 nggêmatèni; kc. opèn.
ngopès: êngg. kn. ngoncèki; kc. kopès.
ngopèt: pc. bêbanyu ora cewok; kc. kopèt.
ngopêr: kn. 1 ngêlih mênyang panggonan liya; 2 masrahake marang; 3 nggêntèni (tuku); kc. opêr.
ngopi: kn. 1 nanduri kopi; 2 êngg. ngombe wedang kopi; kc. kopi.
ngopyahi: kn. ngênggoni kopyah.
ngopyak: (-opyak)-i kn. ndhawuhi lsp. sêru bangêt; 2 (ut. ngopyak-opyak) nundhung akon lunga kanthi swara sêru; kc. opyak.
ngopyok: (-ake) kn. nêlêsi nganggo gombal lsp; kc. opyok.
ngopyok-apyok[17] : kn. 1 ngrêsiki sukêt lsp. ing banyu; 2 ngocak-ocak wadhah (kang isi banyu lsp); 3 êngg. nglotre, ngundhi; kc. kopyok.
ngoplakake êndhas: pc. njalari mumêt (tmr. mikir lsp); kc. koplak.
ngoplèti: êngg. pc. nggatèkake marang, ngopèni; kc. oplèt.
ngoplok: pc. ndhrodhog; kc. koplok.
ngopoh: (-i) kn. ngêlapi nganggo gombal lsp. têlês; kc. kopoh.
ngopok-opok: (ake) kn. ak. ngopyok(ake); kc. opok.
ngopor: kn. olah opor; kc. opor.
ngoprak-oprak: kn. 1 nggusah kanthi swara rame; 2 pc. ngatak, akon tumandang; kc. oprak.
ngoprèk: êngg. kn. ngoprak-oprak.
ngoprès: pc. omong tanpa têgês.
ngoprok: kn. 1 pc. sumèlèh (nglumbruk); 2 ngising ngêbrok; kc. oprok.
ngor: êngg. kn. saèm. mbêkèr (tmr. kucing).
ngorag-orag: êngg. kn. ngoyag-oyag; kc. orag.
ngorak-arik: kn. nyokèr-nyokèr; kc. orak-arik.
ngorani: n. mbotêni k. ak. mangsuli ora; ngorakake ak: mokalake, maido; kc. ora.
ngoranake: pc. ngabarake ing koran; kc. koran.
ngoras: kn. ak. njilid buku; kc. koras.

ngore: kn. ngudhar rambut (ora digêlung); kc. ore.
ngorèdi: kn. ngrêsiki kêkèrène kang ana ing wadhah (sarana disendhoki lsp); kc. korèd.
ngorèg: pc. gatêl bangêt.
ngorèk: I kn. ngrêsiki nganggo korèk, nyapu; 2 ngurêki; 3 ngudhal-udhal wadi; kc. korèk. II [x]-orèk pc: nyorèk-nyorèk; kc. orèk. III kn: nywara sêru (tmr. kodhok nalikane udan). IV pc: ribut nyambut gawe.
ngorèksi: pc. nitipriksa lan mbênêrake kang salah; kc. korèksi.
ngorèng: kn. dadi korèng.
ngorèpi: êngg. kn. ngorèdi; kc. korèp.
ngorès: êngg. kn. golèk turahan pari (ing panènan).
ngorêgake: kn. ak. njalari orêg (gègèr); kc. orêg.
ngorupake: kn. ak. njalari korup; kc. korup.
ngorodake: êngg. pc. nglorodake (sandhangan lsp); kc. orod, morod.
ngorog: (-orog) kn. 1 êngg. ngoyag-oyag; 2 ngoyog-oyog; kc. orog.
ngorok: I kn. nywara sênggur-sênggur (nalikane turu). II [x]-i kn: 1 ngrêsiki ing jêroning wuluhan bêdhil lsp; 2 ([x] kuping) pc. ngandhani, nuturi; kc. korok.
ngorong: I kn. 1 ngêlak bangêt; 2 ak. kêpengin (ngarêp-arêp) bangêt. II [x]-orong êngg. kn. nangis gorang-garong; kc. orong-orong.
ngorot-orot: êngg. ak. mbêboros, ngêcèh-êcèh; kc. orot.
ngosak-asik: I kn. nggêgolèki sarana dilengkabi (dicokèri lsp); kc. osak-asik. II [x]-ake êngg. ak: ngelingake, ngosikake; kc. osik.
ngosèk: I kn. 1 mingsad-mingsêd klisikan (tmr. turu); 2 rumangkang mêntas (tmr. baya); kc. kosèk. II kn: ngasah (lading lsp) digosokake ing wlulang lsp; 2 mususi (bêras lsp) supaya rêsik; 3 êngg. ngrêsiki sukêt; 4 êngg. nggêgolèki, nglari; kc. kosèk.
ngosèr: I kn. ngglangsur maju; kc. kosèr. II [x]-(osèr)-i kn: ngusar-usarake lênga lsp. ing wajan lsp; kc. osèr.
ngosikake: kn. ngelingake ing sajroning ati; kc. osik.
ngosya, ngoswa: kw. ngambung; kc. kosya.
ngoso: (-oso) kn. namakake têmbung sêngol (sêntak); kc. oso.
ngosodi: kn. kêkosod ing; kc. kosod.
ngosog: êngg. kn. ngêlapi; kc. osog.
ngosoki: kn. nggosok ngilangi rêrêgêde (dhangkale lsp); kc. kosok.
ngosok-osokake: kn. nêpsu mbanting bala pêcah lsp; kc. osok.
--- 425 ---
ngosongake ~ ngrayud.
ngosongake: pc. myuwungake, ngothongake; kc. kosong.
ngotangi: kn. ngênggoni klambi kotang.
ngotès: pc. gunêman, omong.
ngotên: pc. ngono, mêngkono.
ngot-ngotan: kn. kala mangsa kumat; kc. angot.
ngoto: pc. nunggang montor (oto).
ngotong-otong: kn. ak. nggotong; kc. otong.
ngotot: kn. 1 ak. mêtu (katon) otote; 2 êngg. puguh; kc. otot.
ngotrèg, ngotrèk: kn. ak. nyopot nganggo kotrèg.

ngocak: (-ocak), ngocakake kn. ngobah-obahake mawali-wali (tmr. wadhah isi banyu, krambil lsp); kc. kocak, ocak.
ngocal: êngg. k. ngolah; kc. olah, ocal.
ngocar-acir: kn. ak. ngècèr-ècèr; kc. kocar-kacir.
ngocèh: kn. 1 muni (tmr. manuk); 2 ks. gunêman; kc. ocèh.
ngocèki, ngocèli: êngg. kn. ngoncèki; kc. ocèk.
ngocèm: êngg. kn. ngucapake (apalan).
ngocoh: êngg. kn. nyêngèsi; kc. kocoh.
ngocok, ngocrok: êngg. pc. 1 ngocak-ocak; 2 ngasud kêrtu; kc. kocok.
ngocor: (ake) êngg. kn. ngilèkake banyu; ngocor(i): ngêcêri banyu (tmr. jago); 2 êngg. nyirami, ngoncori; kc. kocor.
ngothak: pc. wangun pêsagi; [x]-i pc: nggodhagi pêsagi-pêsagi; kc. kothak.
ngothak: (-othaki) êngg. kn. ngrucati (sandhangan, abah-abah jaran); kc. othak.
ngothak-athik: I pc. nyopot sarana dioklak-aklik; kc. othak. II (ut. [x]-ake) pc: ngathik-athik; kc. othak-athik.
ngothak-othak: kn. nggusah lsp. nganggo gèntèr lsp; kc. othak.
ngothèh-othèh: pc. nyidhak-nyidhuk jangan lsp; kc. othèh, kothèh.
ngothèki: kn. nggamêli (nyasmitani lsp) sarana kothèkan; kc. kothèk.
ngothok: I kn. nggodhog; kc. kothok. II [x]-ake n. ngatênakên k. pc: mêngkonokake; kc. kothok.
ngothongi: ak. ngothongake kn. nglowongi, ora ngisèni; kc. kothong.
ngothong-othong: kn. 1 nggawa disangga ing tangan loro dilumahake; 2 pc. ngêla-êla; kc. othong.
ngowad-awud: kn. ak. agawe mawud; kc. awud.
ngowah:êngg. ngowahi n. ngewahi k. 1 ngganti (nyalini lsp); 2 mbênêrake (tulisan); kc. owah.
ngowak-awik: kw. ngamuk ngrusak apa-apa.
ngowak: (-i) êngg. pc. ngrowaki, nyowèli; kc. kowèk.
ngowani: kn. 1 mblenjani (janji), ngoncati; 2 ora cocog (tmr. petungan, timbangan).
ngowe: kn. nyêbut kowe.
ngowèh: pc. 1 ngilêr; 2 sugih omong, ngobrol.
ngowèk: kn. 1 ks. mutah, mukok; 2 mbêngah (tmr. kêbo); 3 êngg. pc: sêsambat ut. grênêngan; [x]-i pc: ngrowoki; kc. kowèk.
ngowèl: kn. ak. ndhrodhog, wèl-wèlan.
ngowêl: kn. ngeman, kc. owêl.
ngowi: kn. kaya kowi (wangune); kc. kowi.
ngowoh: êngg. pc. mênga amba, mlowoh.
ngowok: pc. katon lêgok (tmr. mata).
ngowol-owol: êngg. pc. nyêmoli; kc. owol.
ngraba: (-raba) êngg. kn. nggrayangi, ngêmèk-êmèk; kc. raba.
ngrabas: êngg. kn. maprasi (ngrampasi) têtuwuhan; kc. rabas.
ngrabasa: kw. ngrusak; kc. rabasa.
ngrabi: êngg. ak. ngrabèni kn. nggarwa ki. ngêpèk bojo; ngrabèkake ak: njodhokake (bocah lanang); ngrabèkake mata pc: nyawang wong

wadon; ngrabèkake sikut (tangan) pc: ndumuk-ndumuk ut. nyikut-nyikut (tmr. jêjaka karo prawan); kc. rabi.
ngrabuk: (-i) kn. 1 ndokoki rabuk (ing têtanduran); 2 êngg. ak. nyampuri wur (wêwangi) tmr. têmbako; kc. rabuk.
ngrabut: êngg. kn. nyabut, mbêdhol (jangkar); kc. rabut.
ngradin: k. ngrata; kc. rata.
ngradon: kn. ak. ngrêbda, ngêndi-êndi ana.
ngraja-raja: kw. ngaji-aji bangêt; kc. raja.
ngrajang: kn. 1 ngirisi (têmbako lsp) tipis-tipis; 2 êngg. nggarisi (ngalèni, mluku lsp) malang; kc. rajang.
ngrajêgi: kn. ak. magêri nganggo rajêg; kc. rajêg.
ngrajug: êngg. kn. kagèt bangêt.
ngrajut: kn. ak. nutup (nadhahi lsp) nganggo rajut.
ngraèni: kn. ak. 1 nggambari lsp. rai ing; 2 gawe raèn ing balok lsp; kc. rai.
ngraga-raga: br. ngêndêl (mracaya) marang batur lsp. kaya marang awake dhewe; kc. raga.
ngragadi: kn. mbandhani, ngongkosi; kc. ragad, wragad.
ngraga-suksma: kw. nguwalake sukma saka bêbandaning badan.
ngragèni: kn. nyampuri karo ragi.
ngragil: kn. ak: (wis [x]) wis ora duwe anak manèh; kc. ragil.
ngragum: I êngg. ak. nalèni pring ing êmpyak katata rêngkêd; kc. ragum. II kn. ak: 1 nyatur, nggunêm; 2 ngrancang, ngrantam; kc. ragum.
ngragok: pc. katon dhuwur kuru.
ngrahabi: kn. ak. rahab bangêt marang.
ngrayah: (-i) kn. njarah, ngrêbut; kc. rayah.
ngrayang-ruyung: (-royong) êngg. kn. nandangi bêbarêngan; kc. rayang.
ngrayap: kn. ak. (tumandang, mêtu) bêbarêngan wong akèh; kc. rayap, kumrayap.
ngrayati: kn. ak. mènèhi kaya (kabutuhan); kc. rayat.
ngrayud: I (ngrayut) kn. ak. 1 nggayut; 2 ndhaku; kc. rayud. II êngg. kn: mbiyèt akèh bangêt (tmr. woh).
--- 426 ---
ngrayuk ~ ngrantan.
ngrayuk: pc. ngrauk, njupuk tanpa nêmbung; kc. rayuk.
ngrayung: kn. ak. katon cilik mêrit tmr. driji; kc. rayung.
ngrakab: kn. ak. nutupi ing krakab; kc. krakab.
ngrakad: kn. golèk iwak nganggo krakad.
ngrakal: I kn. 1 ngurug lsp. nganggo krakal; 2 pc: ngukum (sarana dikon ndadani[18] dalan); kc. kc. krakal. II êngg. kn. mluku tanpa diêlêbi; kc. krakal.
ngrakèn: êngg. kn. nglakoni ora mangan sêga karo uyah.
ngrakêti: kn. nyêdhaki kalawan rakêt, rumakêt ing (marang); ngrakêtake: 1 ak. nèmplèkake krakêt; 2 nyêdhakake karo; 3 ngrukunake; kc. rakêt, krakêt.

ngrakit: kn. 1 ak. nyadhiyakake; 2 masang, ngêtrap; 3 mranata; kc. rakit.
ngrakud: êngg. pc. 1 ngrayuk, ngrauk; 2 adhêm njêkut; kc. rakud.
ngrakup: kn. ngukup banjur digêgêm; kc. rakup, krakup.
ngrakut: kn. ak. njêkut bangêt; kc. ngrakud
ngrakoti: kn. mangan sêmu dicakot; kc. krakot.
ngramakake: 1 kn. ndadèkake ing têmbung krama; 2 ki. ak. ngomah-omahake; kc. krama.
ngraman: kn. mblela sumêdya ngrêbut panguwasa; kc. kraman.
ngramani: kn. ngaruh-aruhi nganggo têmbung krama (alus); kc. krama.
ngramasi: kn. njamasi ki: ngrêsiki rambut (nganggo landha lsp); kc. kramas.
ngrambahi: kn. ngambali, mbalèni; kc. rambah.
ngrambang: I kn. 1 nyèlèhake wadhah lsp. ing banyu (ut. dhasare didokoki banyu); 2 nyèlèhake kayu (pari lsp) ing banyu; 3 ngêdusi jangkrik (jago) dikambangake ing banyu; 4 ngumbah mata diêkum ing banyu; kc. rambang, krambang.
ngrambati: kn. rumambat ing; kc. rambat.
ngrambêt: êngg. kn. matun; kc. rambêt.
ngrambyang: kn. ak. ngrambrang;[19] kc. krambyang.
ngrambu: kn. ak. nglari barang ilang, golèk sisik mêlik; kc. rambu.
ngambut: pc. kaya rambut.
ngramèkake: i kn. njalari (agawe) rame; kc. rame. II ki. ak: ngomah-omahake; kc. krama, ngramakake.
ngramêsi: êngg. kn. ngrêti; kc. ramês.
ngramyang: kn. ak. ora cêtha, rêmêng; kc. ramyang, rumamyang.
ngramu: êngg. ak. ngglandhang kanthi pêksa, njarah, ngrujag; kc. ramu.
ngramuhi: kn. ak. motha-motha, ngrujag; kc. ramuh.
ngramut: êngg. kn. ngingu, ngopèni; kc. ramut.
ngramoni: kn. ak. milara bêbarêngan wong akèh; kc. ramon.
ngrampa, ngrêrampa: kn. ak. ndhabyang (ngotong-otong) wong sêmaput lsp; kc. rampa.
ngrampad: kn. ak. nata lêlawuhan ing piring lsp; kc. rampad.
ngrampaki: (-ake) kn. ak. agawe rampak; kc. rampak.
ngrampali: kn. nyêmpali pang lsp; kc. rampal.
ngrampas: I kn. 1 nutuhi (nêgori) têtuwuhan, mapak apa-apa kang moncol (mbrênjul); 2 êngg. mêthiki godhong têmbako kang wêkasan; kc. rampas. II kn: ngrêbut kanthi pêksa, mbêslah; kc. rampas.
ngrampèk: kn. nyanak-nyanak golèk atining liyan; kc. rampèk.
ngrampès: ora [x] pc. ora ngrèwès.
ngrampêd: êngg. kn. ngatutake kabèh (tanpa pilih-pilih); kc. rampêd.
ngrampês: kw. ngrajang; kc. rampês, rampas.
ngrampid: kn. 1 êngg. natab prau (nganggo prau liya); 2 nyêrang, nêmpuh (bètèng lsp); kc. rampid.

ngrampingake: kn. agawe ramping (ngalusake, mbêcikake); kc. ramping.
ngrampyang: I pc. nyrêngêni, ngujar-ujari; kc. krampyang. II êngg. kn. lunga bêburuh ani-ani.
ngrampungi: kn. 1 (ut. ngrampungake) nggarap nganti rampung; 2 br. matèni; 3 mutusi (prakara); kc. rampung.
ngrampo: I êngg. kn. wiwit sêmi (tmr. wit sing ngarang); kc. rampo. II ([x] awu) pc: ngrawus, ngujar-ujari.
ngrampog: kn. 1 ngrocok ing gêgaman bêbarêngan wong akèh; 2 ngècu, nêmpuh bêbarêngan nêdya njarah-rayah; kc. rampog.
ngranapi: êngg. kn. ngalami, wis tau nglakoni; kc. ranap.
ngranjam: kn. mbandhêmi ing watu; kc. ranjam.
ngranjangi: kn. madhahi ing kranjang; kc. kranjang.
ngranjap: kn. ak. murak, mothèng-mothèng burukan lsp; kc. ranjap.
ngranji: êngg. kn. mènèhi pancèn gawean; kc. ranji.
ngranjing: êngg. pc. nganjingake balungan omah lsp. dianggo nyoba; kc. ranjing.
ngrandhatake: kn. njalari (agawe) randhat.
ngrandhing: êngg. pc. njajal ngêtrap, nglanji; kc. randhing.
ngranêh: êngg. kn. saya bangêt, ngranuhi.
ngranuhi: kw. saya bangêt (tmr. lara lsp).
ngranupada: kw. sumungkêm, ngabêkti.
ngranta, ngrantan: kn. ak. sêdhih dening tansah kèlingan prakara kang nyêdhihake; kc. ranta, kêranta-ranta.
ngrantabi: kn. gogrog ngênani (tmr. barang sing lêmbut); kc. rantab.
ngrantam: kn. 1 ngrancang apa-apa sing arêp linakonan; 2 ngrancang bakal wêtuning wragad lsp; 3 êngg. nggagas-nggagas nêdya maeka (mialani); kc. rantam.
ngrantan: I êngg. kn. nguculi (ngudhari) bêbondhotan; kc. rantan. II kn. ak: ngranta; kc. ranta.
--- 427 ---
ngrantas ~ ngrawang.
ngrantas: kn. ak. mêdhot nganti rantas; kc. rantas.
ngrante: kn. nalèni nganggo rante, mblênggu; kc. rante.
ngrantêg: kn, ak. tansah nangis (sêsambat, ngêsah).
ngrantun: kn. ak. 1 tansah tut-buri, nututi; 2 tansah mondhag-mandhêg; 3 nata rampadan (kang arêp diwêtokake); kc. rantun.
ngrancab: kn. ak. 1 ngasah; 2 ngrangsang, nêmpuh; kc. rancab.
ngrancag: (ake) kn. ngenggalake rampunge; kc. rancag.
ngrancahi: êngg. kn. nggaru; kc. rancah.
ngrancak: êngg. kn. ngêthoki ut. nglumpukake rèncèk kayu; kc. rancak.
ngrancaka: kw. sêdhih, nyêdhihake; kc. rancaka.
ngrancana: kw. nata, nganggit, ngarang; kc. rancana.
ngrancang: kn. 1 nggathuk-nggathukake lan nata rèngrèngan, cêngkorongan lsp; 2 ngrancam; kc. rancang.
ngrancas: (-i) êngg. kn. mancasi, maprali; kc. rancas.

ngrangap: kn. ak. katon lancip landhêp-landhêp; kc. rangap.
ngranggèh: kn. nggêjojorake tangane arêp nyêkêl (nggayuh lsp); kc. ranggèh.
ngranggèni: êngg. k. ngranggoni.
ngranggon: I kn. manggon ing ranggon. II [x]-i (lupute) kn. ak: ngakoni (lupute); kc. ranggon.
ngrangin, ngrêrangin: kn. alus kêpenak dirungokake (tmr. gamêlan).
ngrangkadake: kn. ak. nggawa lunga (wong wadon); kc. rangkad.
ngrangkahi: kn. ak. magêri nganggo rangkah.
ngrangkaki: pc. mênthêng-mênthêng atos (tmr. susu).
ngrangkani: n. nyarung k. ngêtrapi wrangka; ngrangkakake n. nyarungakên k. nglêbokake ing wrangka; kc. rangka, wrangka.
ngrangke: êngg. kn. nata nggathuk-nggathukake ragangan (balungan omah lsp); kc. rangke.
ngrangkèl: êngg. kn. ngèngkèl, ngèyèl.
ngrangkèni: kn. ak. ndokoki lawuh, ndokoki rêrangkèn; kc. rangkèn.
ngrangkèng: kn. ak. nglêbokake ing krangkèng; kc. krangkèng.
ngrangkèt: êngg. kn. mala, nggêbugi, milara; kc. rangkèt.
ngrangkêp: kn. 1 rong lêmbar didadèkake siji; 2 nindakake pakaryan warna loro; kc. rangkêp.
ngrangki: êngg. kn. ngrangke; kc. rangki.
ngrangkud: (-i) kn. ngukudi (barang-barang) tumuli digawa lunga; kc. rangkud.
ngrangkul: kn. nyikêp gulu; kc. rangkul.
ngrangkung: kn. ak. dhuwur lêncir (tmr. pawakan).
ngrangkus: kn. nyêkêli kêndhali lsp. nganggo tangan siji, nlikung; kc. rangkus.
ngrangkok: pc. kuru bangêt.
ngrangu, ngrêrangu: kw. tansah ngeling-eling, kangên (kanthi sêdhih); kc. rangu.
ngrangsang: kn. 1 ngranggèh, nggayuh; 2 nêmpuh bètèng lsp; kc. rangsang.
ngrangsêg: kw. nêmpuh, nyêrang; kc. rangsêg.
ngrauk: kn. njupuk sarana dikukup; kc. rauk.
ngraupi: kn. nyuryani ki. ngrêsiki rai; kc. raup.
ngraup-pada: (-suku) kw. nyungkêmi sikil, ngabêkti.
ngrauti: êngg.kn. ngongoti; kc. raut.
ngraos: k. ak. ngrasa; kc. rasa.
ngrapa: kn. ak. nglakoni mung mangan krowodan; kc. krapa.
ngrapak: I kn. garing; kc. kumrapak, krapak, rapak. II [x]-ake kn: nglapurake marang pangulu; kc. rapak.
ngrapêti: kn. 1 nutup rapêt; 2 pc. ngêsahi utanging liyan; kc. rapêt.
ngrapih: êngg. ak. nyapih, nglilihake wong nêpsu; kc. rapih.
ngrapyak: kn. magêri nganggo krapyak.
ngrapu, ngrêrapu: kn. ak. nyapih, ngrapih; kc. rapu.
ngraponi: êngg. kn. ngênêng-ênêngi, ngopèni; kc. rapu.
ngrarabi: kw. ngrantabi, nètèsi; kc. rarab.

ngraras: I kw. nglaras; kc. raras, laras. II [x]-raras kw: nggagas, ngangên-angên; kc. raras.
ngrasa: n. ngraos k. ak. ngênyami (nanggapi) rasa, kadunungan rasa; ngrasani n. ngraosi k: 1 nggunêm marang; 2 nyatur; kc. rasa.
ngrasanake: n. ngraosakên k. mêmanuh supaya krasan; kc. krasan.
ngrasèhakên: kn. ak. njalukake rêmbug, nyêmantakake; kc. sarèh.
ngrasuk: kn. 1 br. mênganggo (sandhangan); 2 br. mlêbu agama; 3 ak. ngrabèni ipe; kc. rasuk.
ngrasulake: kn. slamêtan mêmule K. N. Rasul (Muhamad); kc. rasul.
ngrata: n. ngradin k. ngrampak, agawe supaya rata; ngratakake: mbage wrata; kc. rata, wrata.
ngratêngi: kn. ngolah (lêlawuhan); kc. ratêng.
ngratu: kn. ak. 1 kaya ratu; 2 nganggêp ratu marang; kc. ratu.
ngratus: kn. ngutugi nganggo ratus.
ngratoni: kn. jumênêng ratu ing, ngêrèhake; kc. ratu.
ngracak: (ake) kn. madhakake kabèh; kc. racak.
ngracik: kn. 1 ngadoni jamu lsp; 2 nata lêlawuhan lsp; 3 ngrancang, ngrantam; 4 pc. njêjaluk nganggo ngarani warna-warna; kc. racik.
ngracuk: kn. nyêkêl racuk (ngigah-iguhake lakuning grobag); kc. racuk.
ngracun: kn. misani; kc. racun.
ngracut: (-i) kn. 1 nyuwak, ngudhari, nguculi; 2 ndadèkake siji, ngringkês; kc. racut.
ngrawang: pc. mawa krawangan.
--- 428 ---
ngrawat ~ ngrêdon.
ngrawat: I kn. nalèni lsp. ing kawat (tmr. bala pêcah sing arêp pêcah lsp); kc. krawat. II (ut. [x]-i) kn: 1 nyinggahake, nyimpêni, ngrumati; 2 nata mrênahake apa-apa sing mêntas kanggo; kc. rawat. III (ut. [x]-i) êngg. kn: ngusapi, nyapu; kc. rawat.
ngrawis: êngg. kn. ngrajang; kc. rawis.
ngrawit: kn. alus bangêt; kc. krawit.
ngrawu: I kn. ngurab (nyampur) karo parudan krambil; kc. krawu. II pc. ngrawus kn: ngujar-ujari, ngrampyang; kc. krawus.
ngrawud: êngg. ak. nêkêm sukêt lsp. banjur dijêbol; kc. rawud.
ngrawuhi: ki. nêkani; kc. rawuh, têka.
ngrawuk: pc. ngrauk, nggayut; kc. rawuk.
ngrawun: êngg. kn. ngurub-urubi nganggo uwuh; kc. rawun.
ngrebang: (-i) êngg. kn. ngrewangi nggarap (têtulung lsp); kc. rebang.
ngrèbèt: I kn. kumlèbèt, kumrêbêt; kc. krèbèt. II [x]-ake kn. ak: nurahake sathithik; kc. rèbèt.
ngrèbêdi: êngg. kn. ngribêdi; kc. ribêd.
ngredhoni: êngg. kn. ngribêdi, ngisruhi; kc. ridhu.
ngrègèk: pc. kuru.
ngregol: êngg. kn. dadi badhut; kc. regol.
ngregoni: kn. ngribêdi, ngrigoni; kc. rigu.
ngrèh: kw. ngêrèh; kc. rèh.

ngreyab: kn. ora digêlung (tmr. rambut); kc. reyab, kreyab.
ngreyal: kn. ak. ndhuwit, mbayar; kc. real.
ngrèyèng: ks. nglonthe; kc. krèyèng.
ngrèyèng-rèyèng: êngg. pc. nyiya-nyiya; kc. rèyèng.
ngreyod: êngg. kn. oyag-oyag; kc. reyod.
ngreyog: kn. dadi reyog; kc. reyog.
ngreyoh: kn. ak. ngêkul, siya-siya; kc. reyoh.
ngreyok: kn. nyidhuk nganggo cidhuk gêdhe; kc. reyok.
ngreyom: êngg. kn. ngayom, njaluk pitulungan; kc. riyom.
ngrekani: kn. ngakali, ngapusi; kc. reka.
ngrèkèl: I kn. 1 munggah (mènèk) kêthèkèlan; 2 ak. arêp nggayuh (ngranggèh); kc. krèkèl. II êngg. kn: ala atine (watake).
ngrèkès: pc. njêjaluk (ngêmis); kc. krèkès.
ngrèkên: kn. ngetung, milang; kc. rèkên.
ngrembak: k. ngrombak; kc. rembak, rombak.
ngrèmbèti: pc. nulari, mrambat ing; kc. rèmbèt, mrèmbèt.
ngrembyak: kn. ak. ngrêmbyah (tmr. rambut); kc. krêmbyah, rembyak.
ngrembyong: kn. katon rembyong-rembyong; kc. rembyong.
ngrèmèhake: kn. nganggêp rèmèh, nyêpèlèkake; kc. rèmèh.
ngrèmpyang, ngrèmpyong: pc. katon pating krêmbyah (pating trèmplèk) akèh.
ngrèmpong: kn. ak. pincang, ora bisa têrus.
ngrenah: êngg. ak. 1 nyranani; 2 ngapusi, ngrekani; kc. krenah.
ngrenda: kn. ngêtrapake (gawe) renda.
ngrèndhèt: (ake) kn. nyangkol sarta mbarut; kc. rèndhèt.
ngrèntèng: (-i) kn. nggandhèngi (nyunduki lsp); rêrentengan; kc. rèntèng.
ngrèntèsake: kn. ak. ngandharake, njlèntrèhake; kc. rèntès.
ngrèntênake: kn. nganakake dhuwit; kc. rèntên.
ngrencangi: k. ngrewangi; kc. rencang, rewang.
ngrèncèk: (-i) kn. ngêthoki pang (kayu); kc. rèncèk.
ngrèncèng: kn. nywara krèncèng-krèncèng.
ngrèngkak: kn. ak. aras-arasên, sêmplah-sêmplah; kc. rèngkak.
ngrèngkang: kn. (tiba lsp) arêp ngadêg kanthi rêkasa; kc. krèngkang.
ngrèngkèl: êngg. kn. ngèngkèl.
ngrèngrèng: kn. 1 mbathik lagi sasisih (durung ditêrusi); 2 ngrantam, nyêngkorongi; kc. rèngrèng.
ngrèngsèng: kn. nggawe lênga srana digorèng (tmr. gajih lsp); kc. krèngsèng.
ngreok: êngg. kn. ngreyok, nyidhuk; kc. reok.
ngrepoti, ngrepotake: êngg. pc. njalari rêkasa; kc. repot.
ngrèrèhi: êngg. kn. ngrêgêdi; kc. rèrèhan.
ngrètèg: kn. 1 êngg. nyêbar wiji garingan; 2 pc. ora kêrêp (tmr. tanduran lsp); kc. krètèg.
ngrècèk: I kn. ak. metung, milang siji-sijine; kc. krècèk. II kn: 1 ak. gawe krècèk; 2 êngg. pc. ora klambèn (katon kulite); kc. krècèk.
ngrewal, ngrèwèl: kn. ak. nggêmpal; kc. krewal.

ngrewangi: n. ngrencangi k. mitulungi; kc. rewang.
ngrèwèd: kn. mili ndlèwèr; kc. rèwèh.
ngrèwèk: kn. ngrowok sathithik; kc. krèwèk.
ngrèwèli: kn. rèwèl marang, njalari rèwèl; kc. rèwèl.
ngrèwèng, ngrêrèwèng: kn. ak. ngèwèng-èwèng; kc. rèwèng, èwèng.
ngrèwès: êngg. pc. mêrduli, nggape; kc. rèwès.
ngrèwêdi, ngrèwêgi: kn. ak. ngribêdi, ngrigoni; kc. rèwêd.
ngrewoti: êngg. kn. ngrigoni, ngribêdi; kc. rewot.
ngrêbab: kn. ngunèkake rêbab.
ngrêbakake: kn. ak. ngrêbêkake; kc. rêbasa, rabasa.
ngrêbat: k. ngrêbut; kc. rêbat, rêbut.
ngrêbatang: kn. ak. kaya rêbatang.
ngrêbda, ngrêda: kn. mundhak-mundhak, saya njênggar; kc. rêbda.
ngrêbut: n. ngrêbat k. njupuk (ngêpèk, ndhaku) kanthi pêksa; kc. rêbut.
ngrêda: kn. ngrêbda.
ngrêdon: kn. ak. akèh bangêt, ngêndi-êndi ana.
--- 429 ---
ngrêjakake ~ ngrêngih.
ngrêjakake: kn. ak. agawe (njalari) rêja.
ngrêjèt, ngrêjot: pc. obah kêjèt-kêjèt; kc. kêjèt, krêjèt.
ngrêjêg: êngg. pc. nggrêjêg, ngroyok; kc. rêjêg.
ngrêjêk: kn. ak. ngidak, ngrêmuk; kc. rêjak.
ngrêjêkèni: kn. njalari olèh rêjêki, njalari bêgja; kc. rêjêki.
ngrêjêng: kn. nggujêngi kêncêng; kc. rêjêng.
ngrêjêt: pc. obah, mingsêd; kc. krêjêt.
ngrêgani: n. ngrêgèni k. 1 nêtêpake rêgane; 2 êngg. ngajèni; kc. rêga.
ngrêgancang: kn. katon gêdhe sarta gagah.
ngrêgêdi: kn. njalari rêgêd; kc. rêgêd.
ngrêgêm: kn. 1 nanggêm, njêpit; 2 nggêgêm, mêngku, nguwasani; kc. rêgêm.
ngrêgêmêng: kn. katon gêdhe ngrênggunuk (ing papan kang sumamar).
ngrêgêp: kn. 1 br. nyêkêl (asikêp) gêgaman; 2 tumanggap kanthi sênêng; kc. rêgêp.
ngrêgiyêng, ngrêgiyêg: kn. ak. rêkasa bangêt panggawane (panjunjunge); kc. rêgiyêng.
ngrêguyung: kn. ak. ngrêmbuyung (tmr. wit-witan).
ngrêgunuk: kn. katon gêdhe mêmêdèni (ana ing papan kang sumamar).
ngrêgung: kn. ak. lêdhung-lêdhung (tmr. têtuwuhan).
ngrêkasakake: n. ngrêkaosakên k. ak. njalari rêkasa.
ngrêkatake: kn. ak. marakake duwe krêkat; kc. krêkat.
ngrêkêkêl: ak. ngrêkêl kn. 1 nglêkêr; 2 pc. mbadhêl, atos (tmr. sêga); kc. krêkêl.
ngrêkês: I pc. krasa adhêm krêkês-krêkês. II kn: nywara krês-krês; kc. krêkês.

ngrêksa: kn. ak. njaga; kc. rêksa.
ngrêmat: êngg. kn. ngrêmit; kc. rêmit.
ngrêmbag: k. ngrêmbug.
ngrêmbayak: kn. ak. ngrêmbaka.
ngrêmbaka: kn. akèh godhonge (tmr. têtanduran).
ngrêmbang: kn. nêgori têbu; kc. rêmbang.
ngrêmbat: k. mikul; kc. pikul, rêmbat.
ngrêmbyah, ngrêmbyang: kn. ak. krêmbyah-krêmbyah (tmr. rambut lsp).
ngrêmbyung: kn. ak. ngrêmbuyung.
ngrêmbug: I n. ngrêmbag k. nggunêm sawijining prakara; kc. rêmbug. II kn. ak: nyaput, ngusapake ing rai; kc. rêmbug.
ngrêmbuyuk, ngrêmbuyung: kn. ak. akèh godhonge (tmr. têtuwuhan).
ngrêmbun: kw. sêmi, thukul; kc. rêmbun.
ngrêmbuwas: êngg. kn. mêncungul.
ngrêmêd: kn. nggêgêm banjur diwênyêd (diêjur); kc. rêmêd.
ngrêmêk: kn. ak. ngrêmuk; kc. rêmêk.
ngrêmih, ngrêrêmih: kn. ak. namakake têmbung manis; kc. rêmih.
ngrêmit: kn. ak. alus (lêmbut-lêmbut) bangêt; kc. rêmit.
ngrêmuk: kn. 1 ngêjur nganti rêmuk; 2 ngrusak, nyirnakake; kc. rêmuk.
ngrêmus: pc. mangan (mamah); kc. krêmus.
ngrêmpa, ngrêrêmpa: kn. ak. ngrêrêpa.
ngrêmpah: kn. olah rêmpah.
ngrêmpayak: kn. ak. akèh godhonge, ngrêmbayak.
ngrêmpak, ngrêmpêk: kw. ngrêmuk, ngrusak; kc. rêmpak.
ngrêmpêl: kn. kumpul (nggrêmbêl) dadi siji; kc. krêmpêl.
ngrêmpêlas: kn. ngêlus nganggo rêmpêlas; kc. rêmpêlas.
ngrêmpêlu: pc. ngimpi ing wayah awan (ent. ngira, nyana); kc. rêmpêlu.
ngrêmpu, ngrêmpuh: kw. ngrêmuk, ngêjur; kc. rêmpu.
ngrêmpoyok: kn. ak. ngumpul (nggrêmbêl, nèmplèk) akèh.
ngrêmponi: êngg. kn. nggaru; kc. rêmpon.
ngrênani: kn. ak. nyênêngi; kc. rêna.
ngrêndêm, ngrêndhêm: êngg. pc. ngêkum ing banyu; kc. rêndhêm.
ngrênjah, ngrênjak: kn. ak. ngidak, midak; kc. rênjak.
ngrêndhèh-ngrêndhèh: pc. njêjaluk ngasih-asih.
ngrêndhe-rêndhe: kn. ak. nyênyuwe; kc. rêndhe.
ngrênêngi: kn. madhahi ing krênêng.
ngrênik: êngg. kn. ngapusi; kc. rênik.
ngrêntang: kn. ak. tansah sêsambat.
ngrêntahakên: k. ngruntuhake; kc. runtuh.
ngrêntêgake: (ati) kn. ak. nuwuhake krêntêg ing ati; kc. krêntêg.
ngrêntêtake: kn. agawe rêntêt; kc. rêntêt.
ngrêncak: kn. ngêdum-êdum kewan burukan (ut. dibêlèh); kc. rêncak.
ngrêncaka: kw. susah, sêdhih; kc. rêncaka.
ngrêncana: kw. ngrancana; kc. rancana.

ngrêncangake: kn. ak. njalari (agawe) rêncang; kc. rêncang.
ngrêncil: kn. saka sathithik (ora bêbarêngan); kc. krêncil.
ngrênthil: pc. mrênthil.
ngrênyak, ngrênyêk: kn. ngrêmuk, nglêmbutake; kc. rênyak.
ngrênyuk: kn. ak. ngrêmuk; kc. rênyuk.
ngrêngan: kn. ak. gêrêng-gêrêng (marga lara lsp).
ngrêngat: kn. ak. mêcah; kc. rêngat.
ngrêngêng-rêngêngi: (-ake) kn. ngênêng-ênêngi bocah sarana rêngêng-rêngêng; kc. rêngêng.
ngrêngês: kn. nywara krêngês-krêngês (mamah lsp); kc. krêngês.
ngrêngga: kn. 1 macak (majang) murih katon endah; 2 nyandra, ngrumpaka; 3 ngopèni, njaga; kc. rêngga.
ngrênggeto, ngrênggoto: êngg. kn. kabotên gêgawan, rêkasa bangêt.
ngrênggêp: kw. nyêkêl, nyandhak; kc. rênggêp.
ngrênggês: I kn. ngicuk-icuk, mbujuk; kc. rênggês. II êngg. kn: ngobongi têtuwuhan ing bubakan anyar; kc. rênggês.
ngrêngguyung: kn. ak. ngrêmbuyung.
ngrênggut: kn. 1 mbubut, njabut, njêboli sukêt lsp; 2 kw. njambak, nyêbrak, narik; kc. rênggut.
ngrêngih, ngrêrêngih: kw. ngrêrintih, mbêbana mêmalat sih; kc. rêngih.
--- 430 ---
ngrêngkuh ~ ngrisèni.
ngrêngkuh: kn. nganggêp kaya dene; kc. rêngkuh.
ngrêngus: pc. mamah nywara krêngus-krêngus.
ngrêngoni: kw. nêpsoni, rêngu marang; kc. rêngu.
ngrêpa, ngrêrêpa: kn. njaluk ngasih-asih; kc. rêpa.
ngrêpak: kw. ngrupak, nêmpuh sarta nêsêk; kc. rêpak.
ngrêpèpèh: kn. linggih ngêdhêkês andhap asor; kc. rêpèpèh.
ngrêpêk, ngrêpyêk: kn. nêkuk (athik-athikan lsp) muni mak krêpyêk.
ngrêpês: kn. nyoklèk lsp. nywara mak krêpês.
ngrêpi, ngrêrêpi, ngrêpèni, ngrêrêpèni: kw. 1 nêmbang(-ake); 2 nganggit têmbang; kc. rêpi, rêrêpi.
ngrêpotake: êngg. kn. nglapurake; kc. rêpot.
ngrêramu: kn. ngglandhang kanthi pêksa, njilat; kc. ramu.
ngrêrampa: kn. ndhabyang (ngotong-otong) wong sêmaput lsp; kc. rampa.
ngrêranta: kw. nyêdhihake (ati); kc. ranta, kêranta-ranta.
ngrêrangu: kw. tansah ngeling-eling, kangên; kc. rangu.
ngrêrapu: kn. nglêlipur; kc. rapu.
ngrêrêmpa: ak. ngrêrêpa kn. njaluk ngasih-asih; kc. rêpa.
ngrêrêngih: kw. ngrêrintih, mbêbana, mêmalat sih; kc. rêngih.
ngrêrêpi: kw. nêmbang; kc. rêpi, rêrêpi.
ngrêrês: kn. ak. ngêrês.
ngrêsa: pc. ngrêksa.
ngrêsahi: k. ngrusuhi.
ngrêsaya: n. ngrêsados k. êngg. pc. njaluk tulung; kc. rêsaya.

ngrêsak: êngg. k. ngrusak; kc. rusak.
ngrêsêki: (-ake ak) kn. ora nyênêngake mungguhing pandêlêng ut. pangrungu; kc. rêsêk, krêsêk.
ngrêsêpi: kn. sênêng marang; ngrêsêpake: nyênêngake; kc. rêsêp.
ngrêsiki: kn. agawe supaya rêsik; kc. rêsik.
ngrêsmèni: kw. sacumbana; kc. rêsmi.
ngrêsula: kn. sêsambat marga rêkasa lsp; kc. rêsula.
ngrêspatèni: kw. nyênêngake; kc. rêspati.
ngrêtakake: êngg. kn. mêrtakake, ngabarake; kc. rêta.
ngrêtêg: kn. 1 liwat ing krêtêg; 2 ngêtrapi krêtêg.
ngrêti: n. ngrêtos k. bisa nyandhak (nyakup) ing dalêm pamikir; kc. rêti.
ngrêcèh: kn. tansah udan (grimis).
ngrêwês: êngg. kn. ngruwês; kc. krêwês.
ngribêdi: kn. njalari ribêd; kc. ribêd.
ngrijigi: êngg. kn. njaga supaya tansah rêsik (bêcik); kc. rijig.
ngridhu: kn. ak. nggodha, ngganggu; kc. ridhu.
ngrigên: êngg. ak: mranata; [x]-ake êngg. ak: ngiguhake; kc. rigên.
ngrigoni: êngg. kn. ngribêdi, ngrèwêgi; kc. rigu.
ngriyak: I kn. ngêtokake riyak. II kn: mamah; kc. kriyak.
ngriyalati: kn. ak. mrihatinake sarana cêcêgah; kc. riyalat.
ngriyêk: (ut. ngriyês pc) kn. 1 nggilês, ngilês; 2 ngrêmêd (dluwang lsp); kc. riyêk, kriyêk.
ngriyini: êngg. k. ndhisiki; kc. riyin, dhisik.
ngriyip: pc. kriyip-kriyip (matane).
ngriyuk: pc. mamah; kc. kriyuk.
ngriyung: I êngg. pc. ngrauk kabèh; kc. kriyung. II êngg. kn: mèlu kêndhurèn.
ngriyom: kn. ak. ngayom; kc. riyom.
ngrik: kw. ngêrik.
ngrika: (ing [x]) k. ing kana.
ngrikatake: kn. mbantêrake; kc. rikat.
ngrikati: êngg. kn. ngukudi; kc. rikat.
ngriki: (ing [x]) k. ing kene.
ngrikil: kn. ndokoki krikil.
ngrikit: (-i) kn. nyokoti sathithik-sathithik; kc. krikit.
ngriku: (ing [x]) k. ing kono.
ngrikuhi: kn. ak. rikuh marang.
ngrikrik: êngg. kn. matun; kc. rikrik.
ngrilakake: êngg. ak. mènèhake kanthi lila; kc. rila.
ngrimat: (-i) k. ngrumat(-i); kc. rumat.
ngrimbag: kn. 1 nyithak; 2 mangun têtêmbungan; kc. rimbag.
ngrimbas: kn. ak. mrèjèngi glondhongan kayu diwangun pêsagi; kc. rimbas.
ngrimuk: kn. mbêbujuk; kc. rimuk.
ngrimpili: êngg. kn. mêthili, mutungi rèncèk lsp; kc. rimpil.
ngrimpus: kn. ak. nyrimpung sikil; kc. rimpus.

ngrinakake: n. ngrintênakên k. ak. malêm ing (dina candhake); kc. rina.
ngrindhikake: kn. nglakokake lsp. rindhik.
ngrintih: kn. gêrêng-gêrêng lirih; kc. rintih.
ngrinciki: pc. ngrèncèki.
ngrinthing: êngg. kn. nglinthing.
ngringèkake: êngg. ngrungokake.
ngringêt: kn. 1 ak. mêtu kringête; 2 kumringêt, kaya mêtu kringête; kc. kringêt.
ngringgit: k. 1 mayang; 2 nlèdhèk; kc. wayang, tlèdhèk, ringgit.
ngringik: kn. nangis lirih; kc. ringik.
ngringin: pc. turu ora mêrêm dhipêt.
ngringkêl: kn. têturon njintêl (nglêkêr); ngringkêl-ringkêl: nêkuk-nêkuk rêringkêlan; kc. ringkêl.
ngringkês: kn. 1 nyêkak, nyilikake; 2 agawe supaya ora rowa; 3 ora nganggo karamean tmr. duwe gawe; 4 nyidra, matèni dhêdhêmitan; kc. ringkês.
ngringkuk: pc. ngrungkuk; kc. ringkuk.
ngringkus: pc. mringkus, ora mbêgagah; kc. ringkus.
ngringring: (-i) pc. ngayêm-ayêm supaya aring; kc. aring, ringring.
ngripak: êngg. k. ngrupak; kc. rupak.
ngripik: pc. gêtas, gampang pêcahe; kc. kripik.
ngrisak: k. ngrusak; kc. rusak.
ngrisèni: kn. njalari risi; kc. risi.
--- 431 ---
ngritig ~ ngrutug(-i).
ngritig: kn. nacad, maoni; kc. kritig.
ngricik: êngg. kn. 1 merang-merang; 2 metung; kc. ricik.
ngriwêdi, ngriwêgi: êngg. ak. ngribêdi; kc. riwêd.
ngriwik: pc. nywara kriwik-kriwik (tmr. banyu).
ngriwil: kn. ak; rèwèl, angèl ladèn-ladènane; kc. riwil.
ngriwuki: ak. ngriwoni êngg. kn. ngrigoni; kc. riwuk.
ngruba, ngrubani: kn. ak. mbêsêli; kc. ruba.
ngrubagini, ngrubaginèkake: kn. ak. ngundhakake rêrêgan; kc. rubagini.
ngrubeda: kn. ak. makiwuhi, nggodha, ngalang-alangi; kc. rubeda.
ngrubêng: êngg. kn. ngubêngi; kc. kubêng, krubêng.
ngrubyuk: kn. nyabrang ing banyu; kc. krubyuk.
ngrubuhi: n. ngrêbahi k. rubuh kêna ing; kc. rubuh.
ngrubung: kn. nggrombol tarap ngubêngi; kc. rubung.
ngrubut: kn. nandangi bêbarêngan wong akèh; kc. krubut.
ngrujad: kn. mbujadi, ngrusak; kc. rujad.
ngrujag: I êngg. kn. 1 ak. ngrubut, nggrujug; 2 mêksa wong wadon; kc. rujag. II kn: mbathik têrusan bae; kc. rujag.
ngrujak: kn. olah rujak.
ngrujit: kw. nyuwèk-nyuwèk, nyuwir-nyuwir, ngrajang; kc. rujit.

ngrujuk: I kn. mbalèni bojo kang wis dipêgat; kc. rujuk. II [x]-i kn: mupakati, nayogyani; kc. rujuk.
ngrugèni: êngg. pc. mitunani; kc. rugi.
ngrugêt: kn. obah krugêt-krugêt.
ngruhunakên: êngg. k. ak. ndhisikake; kc. ruhun.
ngrukub: (-i) kn. nutupi, ngêmuli; kc. krukub.
ngrukud: kn. ngukudi; kc. krukud.
ngrukun: I kn. 1 ngajak bêcik (bêdhami); 2 pc. mbêsêli; kc. rukun. II [x]-i êngg. kn: nyêpaki, nyêdhiyani; kc. rukun.
ngrukup: pc. ngrukud.
ngruksa: kw. ngrusak; kc. ruksa.
ngrukti, ngruktèni: kn. 1 ngrumat, mulasara; 2 ngopèni, nyêpaki; kc. rukti.
ngrumabi: êngg. pc. kumat, angot; kc. rumab.
ngrumantèni: n. ngrumantosi k. nyêpaki, nyêdhiyani; kc. rumanti.
ngrumangsani: n. ngrumaosi k. wis rumangsa; kc. rumangsa, rasa.
ngrumat: n. ngrimat k. êngg. ak. ngopèni (njaga) murih aja ilang; kc. rumat.
ngrumiyini: k. ndhisiki; kc. rumiyin, dhisik.
ngrumil: êngg. kn. ndrêmimil njêjaluk; kc. rumil.
ngrumpak, ngrumpêk: kw. ngrusak nglêbur; kc. rumpak.
ngrumpaka: kn. 1 nyandra kalawan kêkidungan; 2 nganggit têmbang; kc. rumpaka.
ngrumpyung: pc. nggrudug, ngrubut; kc. krumpyung.
ngrumpuk: (-i) êngg. kn. numpuk, nungsun; kc. rumpuk.
ngrunah: kw. 1 ngrusak; 2 nusahake; kc. runah.
ngrunjah: kn. ak. njola-njola (tmr. jaran); kc. runjah.
ngrunjak: êngg. kn. mumbul ngranggèh; kc. runjak.
ngrunjang: kn. nrajang, nêmpuh; kc. runjang.
ngrundhing: êngg. pc. ngrêmbug.
ngrundhuk: kn. mlaku (marani) alon-alon nêdya nyêkêl lap; kc. rundhuk.
ngruntagake: kn. ngorêgake, nggorèhake; kc. runtag.
ngruntahi: êngg. kn. ngrêgêdi; kc. runtah.
ngrunting: kw. nyuwèk, nyuwir-nyuwir; kc. runting.
ngruntuh: I kn. ngrintih. II [x]-i n. ngrêntahi k. ak: nibani, ent. mènèhi (sih lsp); kc. runtuh.
ngruntutake: kn. nglarasake, nata supaya runtut; kc. runtut.
ngruncat: kn. ak. ngrucat.
ngrungkad: (-i) êngg. [x]-ake kn. ngêmbrukake wit saoyode; kc. rungkad.
ngrungkêb: kn. 1 têturon (linggih) raine ungkêb-ungkêb; 2 êngg. tungguk (caos) mblandrêng nganti 2 dina ut. luwih; kc. rungkêb.
ngrungkup: êngg. kn. ngampak ut. ngècu.
ngrungu: n. mirêng k. krungu apa-apa; kc. rungu.
ngrungrum: kw. ngungrum.
ngrupak: kn. nyiyutake (jajahaning liyan); kc. rupak.

ngrupakake: n. marnèkakên k. ak. nganakake, mujudake, nyêpaki; kc. rupa.
ngrupeya: êngg. kn. mêrduli, ngrèwès, cawe-cawe; kc. rupeya.
ngrupyuk: kn. ngrauk dhuwit; kc. krupyuk.
ngrupuk: kn. nggorèng krupuk.
ngrurah: kw. nêmpuh; kc. rurah.
ngruru: kw. golèk, nggolèki; kc. ruru.
ngrurubi: kw. nglurubi; kc. rurub.
ngruruh, ngruroh: êngg. ak. golèk, nggolèki; kc. ruruh.
ngrusak: n. ngrisak k. mbubrah, agawe rusak; kc. rusak.
ngrusêgi: êngg. pc. njalari rusêg.
ngrusuhi: n. ngrêsahi k. 1 êngg. ngrêgêdi; 2 agawe rusuh, ngganggu; kc. rusuh.
ngrusuk: I êngg. kn. nlusup ing; kc. krusuk. II êngg. pc: nglopok (bakar); kc. krusuk.
ngrutug: (-i) kn. mbalangi (mbêdhili lsp); kc. krutug.
--- 432 ---
ngrucat ~ ngwadhèhake.
ngrucat: kn. 1 nguculi (nguwali), nyopot; 2 nglèrèhi, mocot; kc. rucat.
ngrucêk: kn. ak. njalari (agawe) rucêk.
ngruwag: êngg. kn. ngrucat, nyêmploki; kc. ruwag.
ngruwat: kn. ak. 1 nyarati murih luwar saka panênung lsp; 2 ngluwarake bêbênduning dewa sarana slamêtan lsp; 3 matèni kewan lsp. sing mbêbayani; kc. ruwat.
ngruwèg: kn. reyab-reyab ora tata; kc. ruwèg.
ngruwêdi: kn. ngisruhi, njalari bingung; kc. ruwêd.
ngruwêk: kn. ngêruk (nggraut) nandhês; kc. kruwêk.
ngruwêl: kc. nêkuk lêlêkêran (ula lsp); kc. kruwêl.
ngruwês: kn. nêkuk (mungkus, mèjèt lsp) rêrikatan; kc. kruwês.
ngruwik: (-i) pc. nyuwik(-i); kc. kruwik.
ngruwil: pc. cêthil bangêt.
ngruwing: kn. nambal nganggo kruwing.
ngruwis, ngruwit: kn. katon jriwut-jriwut (alus, ngrawit, arang-arang); kc. kruwit, ruwit.
ngruwun, ngruwut: kn. ak. ngruwis.
ngruwungake: pc. nyidhukake siwur lsp; kc. kruwung.
ngrobèt: êngg. kn. mbage-mbage manèh (sawah lsp); kc. robèt.
ngrobyok: I kn. ngrubyuk (ing banyu); kc. krobyok. II kn. ak: mèlu nggrubyug.
ngrobyong: (-robyong) kn. ndokoki gêgodhongan lsp; kc. robyong.
ngrobong: (-i) kn. nutupi nganggo krobong (gêbêr lsp); kc. krobong.
ngroda: (-pari)pêksa kn. mêksa, njiyat; kc. roda.
ngrodon: kn. ak. akèh bangêt.
ngrojèng: êngg. kn. mbabadi pari ing sawah (nyolong); kc. rojèng.
ngrojong: (-i) kn. njurungi, mupakati, ngombyongi; kc. rojong.
ngrogak: êngg. pc. ngrogok.
ngrogèl: kn. obah kogèl-kogèl; kc. krogèl.

ngrogoh: kn. nglêbokake tangan ing kanthongan lsp. arêp njêjupuk; kc. rogoh.
ngrogok: pc. kuru lêncir (tmr. pawakan).
ngrogrog: pc. ngêrog; kc. rogrog.
ngroyok: kn. 1 nêmpuh bêbarêngan wong akèh; 2 ngêbut, ngrubut; kc. kroyok.
ngroyom: kn. ngrubung; kc. royom.
ngroyong: kn. ngangkat (ngusung) bêbarêngan wong akèh; kc. royong.
ngrokok: êngg. pc. 1 nglinting rokok; 2 udud; kc. rokok.
ngrokos: I êngg. pc. nggronggong, ora padhêt (tmr. watu lsp). II pc: nggêrtak, nyêpèlèkake; kc. krokos.
ngrokot: (-i) êngg. pc. ngrakot; kc. krokot.
ngrolis: kn. 1 ngundangi jênênge wong-wong kang arêp nyambut-gawe; 2 êngg. pc. nacahake kèhe; kc. rolis.
ngromahi: kn. nglowahi, ndokoki romahan; kc. romah.
ngromal: êngg. kn. mlarat bangêt.
ngrombah: êngg. kn. golèk iwak ing sêgara bêbarêngan wong akèh; kc. rombah.
ngrombak: kn. mbubrah; kc. rombak.
ngromèd, ngromèh: êngg. kn. gunêman clêmongan.
ngromèsi: êngg. pc. ngrèwès; kc. romès.
ngromyang: êngg. kn. ngramyang.
ngromyos: pc. nyunyuk ing gêni; kc. kromyos.
ngromos: êngg. kn. nglopok, mbênêm.
ngrompal: pc. pating srêmpal (tmr. sandhangan).
ngrompang: êngg. kn. padha gogrog godhonge (tmr. wit-witan); kc. rompang.
ngrompyoh: kn. ak. kêtêl bangêt (tmr. gêgodhongan, rambut); kc. rompyoh.
ngrompol: kn. nggrombol, kêkumpulan; kc. krompol.
ngronjati: êngg. kn. nglunjak, mêncolot ing; kc. ronjat.
ngronje: kn. ak. lêncir kuru (tmr. pawakan).
ngrondhah: kn. ak. njalari rêkasa; kc. krondhah.
ngrondhani: kn. nganglangi; kc. rondha.
ngrontogi: kn. 1 rontog nibani; 2 ngoyag-oyag lsp. supaya rontog; kc. rontog.
ngroncal: kn. nggronjal; kc. kroncal.
ngronce, ngroncèni: kn. 1 nganggit kêmbang lsp; 2 nyritakake, ngandharake; kc. ronce.
ngroncong: kn. ak. ngêsokake bêras ing kukusan; kc. kroncong.
ngronyok: kn. ak. ndokoki mata intên akèh; kc. ronyok.
ngronyos: pc. ngêcos; kc. kronyos.
ngrongkob: kn. krêmbyah-krêmbyah nutupi; kc. rongkob.
ngrongrong: êngg. kn. nêgori (wit-witan lsp).
ngropeka: êngg. kn. ngrupeya.
ngropèk: pc. ringkih.

ngropyak: pc. nywara mak kropyak.
ngropyani: êngg. kn. ngopèni; kc. ropyan.
ngropyok: pc. mbayar jrèng (kontan); kc. kropyok.
ngropohi: êngg. kn. nyangkrahi, ndokoki ropoh; kc. ropoh.
ngropok: I kn. gropok, garing; kc. kropok. II kn: nglopok, mbakar; kc. kropok. III êngg. kn: ngroyok, ngrubud.
ngrosani: kn. nindakake (mêksa lsp) kanthi karosan; kc. rosa.
ngroso: (ni) kn. madhahi ing kroso.
ngrocok: êngg. pc. 1 numbaki bêbarêngan wong akèh; 2 nandangi bêbarêngan; kc. krocok.
ngrowak, ngrowèk: pc. nyowèl lsp. nganti krowak; kc. krowak.
ngrowakake: kn. agawe rowa; kc. rowa.
ngrowal: kn. ak. nggêmpal; kc. krowal.
ngrowod: kn. ak. nglakoni mung mangan krowodan; kc. krowod.
ngrowok: (-i) kn. mbolong(-i) lsp. nganti krowok; kc. krowok.
ngwajibake: kn. ak: majibake, nêtêpake yèn dadi wajibe; kc. wajib.
ngwadhèhake: kn. ak. mblakakake, njalari wadhèh; kc. wadhèh.
--- 433 ---
ngwayani ~ ngwor(ake).
ngwayani: kn. ak. ngawekani, migatèkake; kc. kuweya.
ngwayangake: kn. ak. nglakokake wayang (ut. kaya wayang); kc. wayang.
ngwayungyung: kw. nlikung, ngêrut; kc. wayungyung.
ngwakake: pc. nguwakake; kc. wak, uwak.
ngwakilake: êngg. pc. makilake; kc. wakil.
ngwak-wik: pc. nguwak-uwik; kc. uwik.
ngwalati: kn. ak. malati; kc. walat.
ngwalik: kn. ak. malik; kc. walik.
ngwaluyakake: kw. marèkake, nambani, mbênêrake; kc. waluya.
ngwalokake: pc. nguwalonake, nguwalokake; kc. kuwalon.
ngwanèni: n. muruni k. ak. wani karo; kc. wani.
ngwanuhake: kn. nêpungake; kc. wanuh.
ngwantahake: kn. mbarèsake; kc. wantah.
ngwantoni: kn. ak. nyampuri, mbumboni; kc. wantu.
ngwang: kw. aku, -ku.
ngwangwang: kw. nyawang, mawang; kc. wangwang.
ngwarakake: êngg. kn. nglêmparakake, ora ngrêmbug; kc. wara.
ngwarasake: n. nyarasakên k. agawe waras, marèkake; kc. waras.
ngwara-warakake: kn. ngundhangake, martakake ing layang kabar lsp; kc. wara-wara.
ngwarisake: kn. ak. ninggali marang; kc. waris.
ngwarnakake: n. ngwarnèkakên k. ak. mujudi, nganani; kc. warna.
ngwartakake: n. ngwartosakên k. ak. ngabarake; kc. warta.
ngwasake: êngg. pc. ngawasake; kc. awas.
ngwasiyatake: kn. ak. mènèhi wasiyat marang; kc. wasiyat.
ngwaspadakake: n. ngwaspaosakên k. ak. maspadakake, namatake; kc. waspada.

ngwatiri: n. ngwatosi k. pc. nguwatiri; kc. kuwatir.
Ngwawasakae[20] : kn. ak. namatake; kc. wawas.
ngwawuhake: kn. nêpungake manèh; kc. wawuh.
ngwawratakên: k. mêtêngake; kc. wawrat.
ngwèhi: ak. (ngwèhan, ngwèhin, ngwèhèni, ngweyan, ngrèyèn, ngwèkèni êngg.) n. nyukani k: awèh, mènèhi; kc. wèh.
ngwekani: êngg. kn. ngawekani; kc. weka.
ngwètake: pc. ngawètake; kc. awèt, wèt!
ngwèwèhi: kn. ak. mêmènèhi marang; kc. wèwèh.
ngwêk-wêk: pc. nguwêk-uwêk; kc. uwêk.
ngwêtokake: n. ngwêdalakên k. ak: ngêtokake; kc. wêtu.
ngwêwahi: k. ngwuwuhi; kc. wêwah.
ngwêwani: n. mêmurun k. ak. nggêgasah lsp. supaya wani; kc. wani.
ngwêwêtah: k. ngwêwutuh.
ngwêwirang: kn. ak. gawe wirang.
ngwêwutuh: n. ngwêwêtah k. agawe supaya wutuh; kc. wutuh.
ngwidi, ngwidèni: kn. ak. 1 milang manèh; 2 kw. maringi sih (tmr. dewa); kc. widi.
ngwidik-widik: kn. ak. namatake, ngira-ira; kc. widik.
ngwijèni: kn. 1 nyêbari wiji; 2 njalari; 3 nurunake; kc. wiji.
ngwidhe: kn. ak. golèk iwak nganggo widhe.
ngwiyak: kn. ak. miyak, mbukak; kc. wiyak.
ngwiyarakên: k. ngambakake; kc. wiyar.
ngwik-wik: pc. nguwik-uwik.
ngwilujêngi: k. ak. nylamêti; kc. wilujêng, slamêt.
ngwirangake: kn. ak. agawe wirang; kc. wirang.
ngwisi: pc. nguwisi; kc. wis, uwis.
ngwisesa: kn. ak. mêksa, niksa; kc. wisesa.
ngwiwekani: kn. ak. mrayitnani; kc. wiweka.
ngwujudi: kn. ak. nganakake wujude: kc. wujud.
ngwudhari: kn. ak. nguculi; kc. wudhar.
ngwudhoni: kn. nguruni; kc. wudhu.
ngwulêdake: kn. agawe (njalari) wulêd.
ngwuluh: kn. nggosok nganggo pring wuluh.
ngwuloni: kn. ak. ngrêsiki (kaya yèn arêp sêmbahyang); kc. wulu.
ngwuningani: êngg. kn. mêruhi, wêruh; kc. wuninga.
ngwungu: ki. nggugah; kc. wungu.
ngwungoni: ki. ngêlèki; kc. wungu.
ngwuri-wuri: kw. nglêluri; kc. wuri.
ngwuryani: kw. 1 mandêng, nyawang; 2 nata; kc. wuryan.
ngwuroni: ki. ngêndêmi; kc. wuru.
ngwurungake: n. nyandèkakên k. njalari wurung.
ngwursita, ngwurcita: kw. nyritakake; kc. wursita.
ngwutahake: kn. nyuntak lsp. nganti wutah; kc. wutah.
ngwutuhake: n. ngwêtahakên k. agawe wutuh.
ngwuwuhi: n. ngwêwahi k. ngundhaki; kc. wuwuh.
ngwuwur: (ake) kn. nyawur-nyawurake; kc. wuwur.

ngwongi: n. niyangi k. ak. nguwongi; kc. wong.
ngwor: (ake) kn. nyampurake; kc. wor.
1. ngabêrake.
2. ngabyag(-i).
3. nglêksanani.
4. ngaku dosa.
5. mêthuk.
6. ngêjohake.
7. nggrayangi.
8. nganggo.
9. nocogake.
10. linggih.
11. menginake.
12. linglung.
13. ngêlêbi.
14. nabuh.
15. nggêgawa.
16. ngandhak-ngandhakake.
17. ngopyok-opyok.
18. ndandani.
19. ngrambang.
20. ngwawasake.

--- 434 ---
U
ubad-ubêd ~ udan barat.
ubad-ubêd: kn nyukupake butuhe (sarana utang ing kene dianggo nyauri utang liyane); kc. obêd.
ubag: êngg. kn ompak.
ubaya: kn. ak jangji, kasaguhan; diubayani br: disaguhi.
(ubak): di-[x] kn diudhak, diubêk.
ubak-ubêk: kn. ak udhak-udhêk (bola-bali tansah dumunung ing panggonan kang ora kobèt).
ubal: kn mumbuling (urubing) gêni, wêtuning rêrêgêd ing banyu (uga . ent. wêtuning apa-apa kang bêbarêngan akèh); di-[x]: diplintir didadèkake tampar; di-[x]-ake: 1 digêdhèkake urube; 2 ak. dipitongtonake ing akèh (tmr. aji, kasêktèn lsp); kc. mubal.
ubang-ubêng: kn 1 mlaku mrana-mrana (mubêng-mubêng) nggêgolèki; 2 pc. sênadyan migunakake cara warna-warna têmahane iya bali kaya sakawit; kc. ubêng.
ubanggi: k. ak ubaya.
uba-rampe: kn 1 ak. panganan lan lêlawuhan lsp. kang diaturake marang dhêdhuwuran ing nalikane duwe gawe lsp; 2 apa-apa sing kalêbu prabot ut. kapêrluan.
ubêd: kn 1 (petungan) ênggone nalèkake ut. nyabukake mubêng, up. sêtagèn [x] papat; 2 lêlingkapaning kulit ing sikil tanpa sambungan (tmr. pitik); 3 ubêng-ingêring rêmbug (gunêm, padu, prakara); 4 ak.

pintêr ngrigênake kabutuhane (padune, rêmbuge); [x]-[x]: (nganggo) tali lsp. blêbêd êndhas lsp; di-[x]-[x]-i: diblêbêd sarta ditalèni (êndhas lsp); di-[x]-ake: 1 ditalèkake mubêng (nggubêd); 2 diiguhake murih bisa kacukupan butuhe (panganggoning dhuwit lsp).
ubêk: êngg. kn usrêk, tansah rame; di-[x] êngg: diubak, diudhak; [x]-an: rame usrêk dening kèhing wong.
ubêl-ubêl: kn 1 kacu lsp. kang diubêd-ubêdake ing êndhas; 2 apa-apa kang dianggo isèn bolongan (blombongan, supaya rapêt panyambunge); di-[x]-[x]-i: 1 disêsêli ing gombal lsp. (tmr. bolongan lsp); 2 diubêd-ubêd kacu lsp. (tmr. êndhas lsp).
ubêng: kn obah mangun buwêngan; di-[x]-[x]: ora diwangsuli cumêplos, ditakoni dikalang-kalang, tansah disêmayani (tmr. nagih utang); di-[x]-i: diliwati mubêng, dikitêri, diidêri, dikalangi; di-[x]-ake: 1 diobahake mubêng (rodha lsp); 2 digawa mubêng, diidêrake; [x]-an: 1 suwene (dawane, dohe lsp) ênggone mubêng; 2 giliran gênti-gêntèn; [x]-[x]-an: tansah mubêng; kc. kubêng, mubêng.
(ubêr): di-[x] êngg. kn. 1 diubak-ubak, diudhak; 2 (ut. di-[x]-[x]) dioyak-oyak, dikuya-kuya; [x]-[x]-an: oyak-oyakan.
ubin: êngg. kn jobin; 2 ru pêsagi.
ubyar: kn urub gumêbyar; kc. mubyar.
ubyang-ubyung: kn grudag-grudug bêbarêngan wong akèh; kc. ubyung.
ubyêk: êngg. pc rame bangêt (ênggone gunêman).
(ubyung): di-[x]-i kn dikancani (dirujuki) ênggone nindakake kang ora bêcik; [x]-[x]-an: mlaku bêbarêngan wong akèh; kc. ubyang-ubyung.
(ublak, ublêk): di-[x] êngg. pc diubak (tmr. barang kang rada plikêt, jladrèn, êndhog lsp).
(ubub): di-[x]-i kn diangini nganggo ububan; [x]-an: piranti kanggo nyêbulake angin ing prapèning pandhe.
ubud: kn. ak tanpa pilih-pilih (ênggone njêjupuk lsp); kc. ubut, obod.
ubug-ubug: êngg. kn nywara grubug-grubug (gêni, angin lsp).
(ubung): di-[x]-i êngg. kn. ak diubyungi (ênggone laku ala).
ubur: I êngg. kn rame bangêt (tmr. pawarta). II di-[x]-[x], di-[x]-i êngg. kn: didokoki obong-obongan mêrang lsp. supaya ilang lêmude.
ubus: kn. ak ubrus.
ubut-ubut: êngg. kn 1 (esuk [x]) wayah esuk bangêt; 2 maling ing wayah esuk (mlêbu ing omah tanpa mbabah); di-[x]-[x] ak: dimalingi (ing wayah esuk).
ubon-ubon: kw. ak bngs. endhang.
(ubral): di-[x]-[x] êngg. pc dibêbècèr (diborosake).
ubrêg: pc rame, ribu[1] tumandang; di-[x] pc: diplêtêr pitakon lsp.
(ubrês): di-[x] kn dilari (digolèki) ana ing êndi-êndi.
ubrus: I kn. ak opsir panggêdhening bètèng. II ora [x] êngg. pc: ora bisa.
uda: I êngg. pc wuda. II [x]-[x] kn. ak: duga-duga, kira-kira; di-[x]-[x] ak: 1 dikira-kira; 2 ak. disuda-suda saka sathithik. III kw. ak: banyu.
udadi: (S) kw sêgara.

(udag): di-[x]-[x] êngg. kn dioyak-oyak.
udaya: kw. ak 1 sêgara; 2 plêthèking srêngenge; 3 munggah, mumbul.
udaka: (S) kw. ak banyu, tuk.
udakara: n. udakawis k kira-kira, kurang luwih.
udal: (-an) kn pambuwaling banyu saka ing tuk; kc. mudal.
udama: kw. ak nistha, asor; kc. adama.
udamamah: kw bêcik ing pangucap (nalika nirokake gunêming wayang lsp).
udan: n. jawah k (tibaning) banyu saka ing awang-awang; [x]-[x] n. jêjawah k: adus (dolanan lsp) ing banyu udan; di-[x]-i: ditibani panah lsp. saka ing awang-awang; di-[x]-ake: ditibakake saka ing awang-awang; di-[x]-[x]-ake: disèlèh lsp. supaya kêna banyu udan; kc. kodanan.
udanagara: kn tata-trapsilaning pasrawungan (tata-krama, unggah-ungguh).
udan ampèl: kn ar. dhapuring kêris.
udan asih, udan mas, udan sore: kn ar. gêndhing.
udan barat: n. jawah barat k udan awor angin gêdhe.
--- 435 ---
udani ~ udhêt.
udani: kw wêruh; diudanèni: diwêruhi.
udan-kêthèk: (macan dhedhe) kn udan nanging panas (srêngenge katon).
udan-sinêmèni (-suwèni): kw udan mawa swara kumrusuk nanging durung tumiba (kang udan ing panggonan liya).
udan tangis: br akèh wong kang padha nangis.
udan-woh: n. jawah-woh k udan kêcampuran ès.
udara: I (S) kw awang-awang. II (S) kw. ak: wêtêng.
udaraga: sabuk [x] br sabuk mawa corak warna-warna.
udarasa: n. udaraos k. ak panduga, pangrasa (panggagas); ng-[x] ak: nduga, nggagas, ngunandika.
udarati: (S) kw. ak sêgara.
udasmara: kw panggagas, pamikir; ng-[x]: 1 nggagas, mikir, ngunandika; 2 ak. ngungrum.
udata: (S) kw. ak sêru, bangêt, umuk.
udawiyah: kn. ak pakurmatan ing pêpucuking layang; kc. adangiyah, adawiyah.
udêl: êngg. pc wudêl.
(udi): di-[x] kn 1 diprêsudi murih bisa kêtêkan kang dijangka; 2 ditakoni (dijaluk) kanthi têmên-têmên.
udu: êngg. pc dudu.
udud: kn. (sês k): 1 êngg. rokok; 2 ngakêp rokok (disêrot kêbule); 3 êngg. nyêrèt (madat).
uduk:, sêga [x] êngg. pc sêga wuduk.
udun: êngg. pc wudun.
(udung): ng-[x] êngg. kn mangkêl atine.

udur: I kn 1 prakara kang dadi pêpadon; 2 (ut. [x]-[x]-an) pêpadon rêbut bênêr, pasulayan. II êngg. kn alangan. III di-[x]-ake êngg. kn disambatake panggarape (sawah lsp); [x]-an êngg: sambatan nggarap sawah; kc. kudur.
udrasa: kw tangis, luh; maca [x]: nangis.
udrêg-udrêgan: kn rame pêpadon, grêjêgan.
udyana: (S) kw taman, patamanan.
(uja): di-[x] kn 1 ditogake bae ing sakarêp-karêpe, dipituruti ing sapanjaluke; 2 êngg. diniyati.
ujana: kw. ak taman, patamanan; kc. udyana.
ujani: kn. ak opahan marang dhukun; kc. wêjani.
ujan-ujan: (-an) kn (wong, kêlakuan) kang diuja.
ujar: kn 1 gunêm, wêtuning têmbung; 2 niyat kang kawêtu (kaul, nadar); di-[x]-[x](-i): diunèk-unèkake ala; kc. mojar.
(ujêg): di-[x](-[x]) kn tansah dijaluk (ditagih).
ujêr: kn. ak awit, mula, pancèn; kc. jêr.
(uji): di-[x] kn. ak dilèlèr (tmr. êmas).
(ujiwat): ng-[x] kw nglirik, mbalang liring; di-[x]-i: dilirik.
ujub: kn tujuning slamêtan (katur marang Kangjêng Nabi, para wali lsp); di-[x]-ake: ditêrangake (dikandhakake) tujuning slamêtan katur marang para wali lsp.
ujubriya: kn. ak; ([x] kibir) umuk ngêndêl-êndêlake kaluwihane ut. kasêktène.
ujud: êngg. pc 1 wujud; 2 ujub.
ujug-ujug: êngg. pc tanpa nganggo sraba-sraba banjur têka (tumandang lsp).
ujung: kn 1 kw. pucuk(ing gêgaman), puncak; 2 pongol (dharatan kang nglojok ing sêgara); 3 ngabêkti sarana ngambung sarta nyêmbah dhêngkul; 4 (ut. [x]-an) (kêrêngan) sabêt-sabêtan sarta tangkis-tangkisan nganggo pênjalin; di-[x]-i: dikabêktèni; [x]-an êngg. k: godhong; kc. mujung.
ujungan liring: kw lirik-lirikan, adu ulat.
ujur: kn 1 ênêring apa-apa kang sumèlèh manut dawane; 2 sisih kang dawa kc. alang; [x]-[x] êngg: njaluk ujuran marang wong sing mêntas mênang main (olèh bathi, mêntas golèk iwak mênyang sêgara lsp); di-[x] êngg: 1 digarap (diwluku lsp) miturut ujure; 2 dijaluki ujuran; di-[x]-i: diwènèhi ujuran; di-[x]-ake: ditrap (disèlèh lsp) mujur; kc. kojur, mujur, ujuran.
ujuran: kn 1 pawèwèhe wong kang mêntas mênang main (olèh bathi); 2 pituwase ngêdolake barang lsp.
ujwala: (S) kw 1 cahya, sorot; 2 ak. rai; ng-[x]: sumorot, mawa cahya.
ujwalita: (S) kw. ak sorot, sumorot.
(udhak):(wedang, jladrèn lsp).
udhak-udhêk: kn bola-bali tansah dumunung ing sapanggonan (kang ora kobèt).
(udhal): di-[x]-[x] kn 1 diuculi lan dibukak (tmr. buntêlan, tumpukan sandhangan lsp), diudhari lan diiwir-iwir (tmr. têmbako lsp); 2 ent.

diwiyak sarta dikandhak-kandhakake marang wong akèh tmr. wadi; kc. udhar, odhal-adhil.
udhang: êngg. kn urang.
udhang-udhêng: pc ubang-ubêng.
udhar: kn ucul tmr. tali, gêlungan lsp; di-[x] br: dijèrèng, dijlèntrèhake; di-[x]-i: diuculi tmr. tali, gêlungan lsp; kc. mudhar, wudhar.
udhèt: I kn wêlut cilik; trahing [x] ks: turune wong asor. II di-[x]-[x] kn: dicoblos banjur disuwèk (tmr. wêtêng lsp); kc. udhèt, sudhèt.
udhêg-udhêg: kn. ak urut-urutaning turun kang kaping nêm (wong tuwane êmbah warèng ut. anake warèng).
(udhêk): di-[x] êngg. pc diudhak.
(udhêl): I [x]-[x] kn kurang dawa tmr. piranti lsp. (dadi ora kêpenak panganggone); kc. uthêl. II ng-[x]-[x] kn: 1 rasa sêpêt sêrak (kaya rasane jambu mete); 2 krasa sêbah (tmr. wêtêng).
udhêng: êngg. k ikêt; di-[x](-[x])-i êngg: diikêt-ikêti; ([x]-[x]-an: ikêt-ikêtan.
udhêng gilig: kn rêrêngganing êndhas awujud giligan bludru lsp.
udhêt: kn 1 êngg. bngs. sabuk; 2 sabuk sutra lsp. rêrangkèning dodot.
--- 436 ---
udhi ~ uyun.
udhi: êngg. kn udhu.
udhik: I kn. ak wêwêngkoning kali kang cêdhak karo tuke; di-[x]-ake: dilakokake munggah (nungsung kali) tmr. prau; kc. mudhik. II [x]-[x] kn: nyêbar dhuwit (dianggo dêdana marang wong miskin).
udhil: kn. ak odhil, uthil.
udhip: êngg urip.
(udhis): di-[x]-[x] kn digrêmêti ing tuma lsp. (tmr. sandhangan, rambut).
udhu: kn 1 dhuwit kang dianggo toh; 2 urun(-an); diudhoni: diuruni dhuwit (rêmbug).
udhuh: kw. ak dhuh.
udhun: kn. ak 1 (ut. [x]-[x]-an) obahing kaanan saka ing dhuwur mangisor; 2 sudaning rêrêgan; di-[x]-i: 1 ak. diliwati (diparani) saka ing dhuwur mangisor; 2 ([x] dipunandhapi k) dikurmati (dibagèkake lsp) sarana mêdhun saka ing kreta (pêndhapa lsp); 3 diwènèhi utangan (dagangan) manèh, diuruni wragad (dhuwit lsp); 4 dijori rêgane; di-[x]-ake n. dipunandhapakên k: 1 digawa (ditarik, lsp) mêdhun; 2 disuda rêrêgane; 3 dilorod pangkate; kc. dhun, mêdhun.
udhung: êngg durung.
uga: n. ugi k 1 iya kaya kang kasêbut, iya kaya mêngkono; 2 padha karo kang kasêbut; 3 lan iya, tur iya; sok [x]: anggêre, yèn; bisa [x]: ora mokal yèn; mêngkono [x], samono [x]: iya kaya mêngkono; ugane, [x]-[x] êngg: bisa uga yèn, ora mokal yèn, bok mênawa iya ...
ugag-ugêg: pc 1 obah nanging ora bisa maju ora bisa mundur; 2 isih gojag-gajêg; kc. mugag-mugêg, ugêg.
ugah: êngg. kn wêgah, êmoh.

(ugal): [x]-[x]-an kn ndhugal, kurang ajar; kc. ngugal.
ugat-ugêt: pc krugat-krugêt.
(ugêg): di-[x]-[x] kn dioglèk-oglèk supaya mênga.
ugêl-ugêl: kn athik-athikan sambunganing tangan karo èpèk-èpèk.
(ugêm): di-[x] êngg. kn diwêca (dipêthèk) sarana mbukak primbon; di-[x]-i: diandêl sarta digugu (tmr. gunêm, wêwaton, panêmu lsp).
ugêng: êngg. kn mêmpêng.
ugêr: kn 1 ak. pikukuh (ing cancangan); 2 ut. pa-[x]-an br. bêbaku, wêwaton; 3 (êngg. k) anggêre, janji (waton); 4 ak. katêrangan kang katur marang pradata; [x] gugat: katêrangane wong kang gugat; [x] wangsulan: katêranganing dakwa; [x]-[x] êngg: cagak (cêncangan), cagak adêg-adêging lawang (pangantihan); [x]-[x] lawang ak: anak loro lanang kabèh; di-[x]: dicancang ing pathokan lsp. (tmr. kewan, prau lsp); di-[x]-i ak: 1 dirungokake paturan katêrangane (saksi ing pangadilan); 2 diwatoni; layang [x]-an ak: layang katêranganing prakara kang bakal katur marang pradata (prosès-pêrbal).
ugêt-ugêt: kn 1 cacing cilik ing banyu; 2 ar. kewan cilik-cilik kang bakal dadi lêmud.
ugi: k uga.
ugung: I êngg durung. II di-[x] kn: diêla-êla sarta diuja ing sapanjaluke (tmr. bocah); [x]-an: bocah kang wis manuh diugung.
ugrag-ugrêg: pc sêrêt angèl ênggone mlêbu(-mêtu); diugrag-ugrêg: dioglèk-oglèk arêp dibukak (tmr. kunci lsp).
(uhut): di-[x](i) kn. ak dipênggak, dipalangi, dicandhêt.
uyab: kn 1 ak. ora têntrêm atine; 2 êngg. ak. krasa gatêl gumrayah (êndhas akèh tumane); di-[x] rambute pc diuyêk-uyêk lan diadhul-adhul rambute (wong wadon padu); kc. muyab.
uyag-uyug: êngg. kn sêngkayigan arêp rubuh (tmr. wong mlaku).
uyah: I n. sarêm k ar. jasad rasane asin asal saka kênthêlane banyu sêgara ut. saka pamêlikan; [x] tampêr: uyah lêmbut (kaya wêdhi); [x] gorèng: srundèng didhêplok lêmbut; [x] carat: uyah dikênthêlake (disunduki); [x] wuku: uyah pringkilan; kakèhan [x] êngg. pc: rada gêndhêng; wis akèh ênggone mangan [x] pc: wis tuwa, wis akèh kupiyane; digêbyah [x] pr: diracak, dianggêp padha bae; [x] kêcêmplung sêgara pr: tanpa tanja (wèwèh marang wong sugih); di-[x]-i: dibumboni nganggo uyah; 2 ak. dianaki; di-[x](-i di-) asêmi: dialêm bangêt di-[x]-ake ak: dianakake dirèntênake; [x]-an anakan (rèntên); [x]-[x]-an êngg. pc: wis diuyahi, diasini (iwak lsp). II di-[x]-ake êngg. pc: dikon nyandêr lan nyakot (tmr. asu); kc. oyah.
(uyak): di-[x] kn. ak dioyak.
uyang: I kn. ak 1 krasa panas (badan); 2 ora jênjêm (ati); kc. gêrah-uyang. II ng-[x] kn. ak: 1 lunga mênyang ing panggonan liya pêrlu tuku bêras ut. pari; di-[x]-ake: diêdol (ditêmpurake) pari ut. bêras.
uyang-uyung: pc wira-wiri nggêgawa (mêmikul).
uyar-uyur: pc gluyuran mrana-mrana.
uyèb: kn. ak uyab.

uyêg: kn kêpyêk rame (wong gunêman); di-[x](-[x]): diusêk-usêk (dipusus lsp) nganggo tangan supaya rêsik ut. campur (tmr. kêrtu, rambut lsp); [x]-[x]-an: jêjêl uyêl-uyêlan (akèh bangêt tmr. wong lsp); kc. muyêg.
uyêk: kn. ak uyêg.
(uyêl): di-[x]-[x] kn dikêkêp-kêkêp (tansah dicêkêli, diêlus-êlus lsp); [x]-[x]-an: jêjêl riyêl suk-sukan (wong akèh).
uyêng-uyêng: êngg. kn. ak unyêng-unyêng.
(uyêr): di-[x]-i êngg. pc diunyêri.
uyil: êngg. pc usil (ora bisa antêng).
(uyu): I ng-[x]-[x] êngg. kn gêgêndhingan nabuh gamêlan (ing nalikane duwe gawe lsp). II [x]-[x], mang-[x] kw: abdining pandhita.
uyuh: kn. (toya k) turas ki banyu kang mêtu saka ing palanangan (pawadonan); ng-[x] n. toyan k. turas ki: ngêtokake uyuh; kc. kêpoyuh, puyuhan.
uyuk-uyukan: êngg. pc têka bêbarêngan akèh bangêt; kc. kruyuk.
uyun: sa-[x] kn 1 sadhapur tmr. têbu;
--- 437 ---
br. sagrombolan, padha tunggal karêp; di-[x]-[x]: 1 br. dipantha-pantha miturut gêgolongane; 2 ak. digêmatèni bangêt; di-[x]-i br: dirojongi, dirêksa sarta diayomi (murih lêstari slamêt).
uyung-uyung ~ ulap.
uyung-uyung: kn. ak uyang-uyung.
(uyup): [x]-[x] kn jamu ombèn-ombène wong duwe anak (kanggo nyêgêrake banyu susu); di-[x]: 1 diombe (sêmu disruput); 2 ak. diêpèk kabèh.
uyoh: êngg. pc uyuh.
ukantên: êngg. k ukara.
ukara: kn 1 rêrangkèning têmbung-têmbung kang mêngku surasa (lairing gagasan); 2 ak. aksara u.[2]
ukèh, ukih: êngg akèh.
ukêl: kn 1 (sa-[x]) êngg. satukêl (tmr. lawe); 2 gambar lung-lungan ing bathikan, ukiran lsp; 3 ki. gêlung; 4 panêkuking tangan ing nalikane njogèd; di-[x]: 1 (-rambute) dicêkêl banjur ditêkuk sarta ditarik (wong wadon padu); 2 ki. digêlung.
ukêl-mayang: kn ar. ukêl ing jogèd.
ukêl-pakis: kn 1 clêkênthung ing gêlungan; 2 lung-lungan ing bathikan (ukir-ukiran lsp); 3 ar. ukêl ing jogèd.
ukêr: êngg. kn cèt bubukan.
ukih: I êngg akèh. II di-[x] kn. ak 1 diarah; 2 diundurake (dioyak, dikalahake, didhêsêk).
ukir: I êngg. k. ak gunung; kc. wukir. II di-[x](-i) kn: ditatah lsp. diwangun lung-lungan, kêkêmbangan lsp. (tmr. kayu, gadhing lsp); [x]-an: 1 (ut. [x]-[x]-an) rêrênggan kang diukir; 2 (n. jêjêran k.) garan kêris. III di-[x]-i pc: ora diakoni, diselaki; kc. mukir, mungkis.
(suku): sa-[x] kn 6 wang; kc. ukon, suku.

(ukub): di-[x] kn 1 êngg. diimbu (sarana disasabi gêgodhongan); 2 ak. dikutugi ing ratus lsp. (tmr. sandhangan lsp); kc. ukup.
ukum: kn 1 ak. wêwaton, anggêr-anggêr; 2 ak. pêpancasaning pangadilan; 3 pidana (siksa) minangka piwalêsing kaluputan; 4 ak. pangadilan, pradata (babagan agama); di-[x]: disiksa (dipidana), dipancasi kudu dilêbokake ing kunjara (didhêndha lsp); [x]-an: 1 (ut. paukuman) pidana, siksa; 2 (wong [x]-an) wong kang diukum; 3 papan ut. wêktu nalikane nglakoni siksa.
ukum badan: kn pidana sarana disiksa badane.
ukum dhêndha: kn pidana sarana didhêndha.
ukum gantung: kn pidana sarana digantung.
ukum kisas: kn pidana sarana dikisas.
ukum'ullah: (A) kn pangadilaning Allah.
ukum pati: n. ([x] pêjah k): pidana sarana dipatèni.
ukung: pc pêpindhan swaraning pêrkutut.
ukup: I (sabuk [x]) kn. ak bngs. sabuk praboting dodod (yèn dianggo nganggo ana kang nglawèr mêmburi). II di-[x] kn: dikutugi ing ratus lsp. (tmr. sandhangan lsp). III di-[x] kn. ak: dikukup.
ukur: kn sarana kang dianggo nyumurupi dawa, amba ut. gêdhening barang; 2 klambi lsp. kang dianggo blak (conto gêdhe cilike); 3 (ut. [x]-an) pc. ing saupama ditumrapake awake dhewe; 4 êngg. pc. jangji, anggêre; 5 pc. apa (sapa) bae; 6 êngg. pc. mung; (mung) [x]-[x] (bae) pc: ora pati bangêt; di-[x]: disumurupi sapira dawane (gêdhene lsp); [x]-an: 1 sarana kang dianggo ngukur.
ukon: kn têngahan (dhuwit slaka ajine f 0,50; [x] mas; dhuwit êmas (gêdhene saukon, dianggo bênik lsp).
ula: I n. sawêr k ar. kewan kalêbu bngs. kewan rumangkang (ana kang mawa wisa lan ana kang ora); [x] marani gêbug (gitik) pr: nêmaha marang kacilakan (up. marani wong kang ngincim-incim); dolanan [x] mandi pr: nglakoni (nindakake) apa-apa sing mbêbayani bangêt; [x]-[x] dawa pc: kêdawa-dawa tmr. prakara. II [x]-[x] kn: balung gêgêr têrusane balung gulu.
ulad: kn. ak urubing gêni kang mubal; kc. mulad.
ulah: kn 1 êngg. lagi nindakake; 2 (ut. ngulah) br. nindakake, ngêcakake, up. [x] gêgaman, [x] pêrang: 3 (ut. ng-[x]) br. nggêgulang, ngudi (kawruh, kabisan, kagunan lsp); di-[x]: 1 êngg. ditindakake, ditandangi; 2 ak. diolah (lêlawuhan lsp); kc. molah, olah, polah.
ulah-kridhaning jagat: br sakèhing lêlakon ing jagat.
ulah nêgara: (-praja) br (babagan) ngiguhake adêging nêgara.
ulah raga: kn nggêgulang saranduning badan murih waras (kuwat).
ulah sastra: br nggêgulang sarta ngudi kasusastran.
ulah sêmu: br nandukake pratingkah kang sinamun ing pasêmoning praèn.
ulam: k iwak.
ulama: kn. (ulami k. ak.): 1 (para) sarjana babagan agama (lmr. Islam); 2 pc. ak. wong kang mungkul ênggone nglakoni agama Islam (mutihan); kc. ngulama.

ulan-ulan: kn têtironing ula, wêwangunan mèmpêr ula; kc. olan-olan.
(ulang): [x]-[x], [x]-an êngg. kn lunga mênyang êndi-êndi golèk pangupajiwa lsp; wong [x]-an êngg. ak: wong klambrangan; [x]-an cumbon pr: wong kang inggatan.
ulang-ulêng: kn. ak bola-bali tansah kumpul nunggal sapanggonan; kc. ulêng.
ulang-ulês: kn. ak ulang-ulang, ulangan.
ula-uli: kn. ak tansah kumpul karo; kc. uli.
ulap: I kw wêdi, rada sumêlang. II [x]-[x] kw: mandêng (nyawang) nênamatake (tangane ditèdhèngake ing dhuwur mata); di-[x](-[x]): disawang sarta ditamatake.
--- 438 ---
III [x]-[x] kn: wlulang blêbêting sangkal. IV di-[x]-i kn: diilangi (rêgêde, klilipe lsp).
(ular) ~ (uluk).
(ular): I [x]-[x] kn 1 ak. bolah (arêp dianggo ndondomi); 2 bêbuka minangka pêpucuking pangrêmbug lsp; 3 ak. pawitan; di-[x]-[x]-i: 1 didondomi dirapêtake manèh (jarit suwèk lsp); 2 dibukani, diwèhi pêpucuking pangrêmbug lsp; 3 ak. dipawiti (diwènèhi pawitan). II di-[x]-i êngg: digolèki.
ulas-ulas: kn 1 tutup (kang dianggo nasabi); 2 br. mung katone ing lair bae, pawadan.
ulat: kn 1 gêbyaring pandêlêng; 2 (ut. polatan) sêmuning praèn; [x] madhêp ati karêp pr: wis kêpengin bangêt; angon ulat (ngumbar tangan): ngawasake polataning liyan (arêp nyênyolong lsp); di-[x]-i: 1 br. ditamatake, disawang; 2 êngg. digolèki; di-[x]-i ala pc: diplêruki, ditêmoni lsp. kanthi ulat ala; di-[x](-[x]-)-ake: diawasake sapari-polahe, diawat-awati; kc. mulat.
ulat-ulêt: pc bêbulêtan, gêgulêtan.
(ulêg): [x]-[x] kn munthu (pranti kanggo ngulêg sambêl lsp); di-[x]: dilêmbutake nganggo ulêg-ulêg.
ulêk: I êngg. kn kêbul; [x]-an; 1 ilining banyu (angin) kang mubêng; 2 br. uyêk-uyêkan mubêng (wong akèh). II di-[x]-[x] kn: 1 ak. tansah dicêkal-cêkêl (diuthêk-uthêk); 2 pc. tansah disrêngêni (dicêngèsi).
ulêm: I êngg. kn jatmika, sarwa tata (tandang-tanduke). II kn: anggrung kêpenak dirungokake (tmr. swara). III [x]-[x](-an) kn: awèh wêruh sarta nyuruhi supaya têka (ing nalikane duwe gawe mantu, nêtakake lsp); di-[x](-[x]-)i: disuruhi; [x]-an: dhayoh kang diulêmi.
ulêng: I kn gêlut rukêt-rukêtan (wong wadon padu); [x]-[x] campur-bawur: kêmbang campuran (dianggo sajèn lsp); di-[x] ak: 1 dirukêt (ing nalikane padu); 2 (ut. di-[x]-[x]) tansah dirangkul-rangkul (dirukêt-rukêt); [x]-[x]-an: 1 rêrukêtan banting-binanting; 2 padha kumpul uyêk-uyêkan (wong akèh). II kn: kayu têtumpukan sungsun-sungsun ing sadhuwuring saka guru (tmr. omah joglo).
ulêr: kn ar. kewan gêgrêmêtan (yèn wis tuwa ngênthung dadi kupu); [x]-[x] ak: alèn-alèn ing wuluhing bêdhil dianggo nyindikake lantak; di-

[x]-i: dicolongi (diunthêt, diapusi) saka sathithik; [x]-(-[x]-)-ên: dipangan ing ulêr (wowohan lsp).
ulêr-kagèt: kn canthelan diyan (coraking bathikan lsp) sing wangune kaya aksara S.
ulêr-kambang: kn 1 ws. lintah; 2 ar. gêndhing; ng-[x]: ws. satitahe (alon-alonan, sakêpenake).
ulês: kn 1 mori lsp. tutuping barang-barang kang pangaji (wêsi aji, mas-intên lsp); 2 mori lsp. minangka urunging bantal (tutup kursi lsp); 3 ak. krakab ut. lèmèking kasur lsp; 4 lawon buntêling mayit; 5 ak. tapihing layang; 6 warnaning wulu kewan (jaran, pitik lsp); di-[x]-i: 1 dikrakabi (ditutupi lsp) ing ulês; 2 dibuntêl ing lawon (tmr. mayit).
ulêt: I pc wulêt. II kn: wis campur dadi siji (tmr. barang campuran kang wujude kaya jladrèn kênthêl); di-[x]: 1 dicampur srana diudhak ut. diwênyêt-wênyêt; 2 ak. dibulêt, digubêt; [x]-[x]-an: bêbulêtan, pêpulêtan; [x]-[x]-ên: lara wêtêng kaya dipuntir-puntir; kc. mulêt, pulêt.
uli: I pc wulu. II di-[x]-[x], diulèni kn: 1 diuyêk-uyêk sarta diwênyêt-wênyêt (tmr. wasuhan, parudan krambil lsp); 2 pc. dicêthoti.
ulig:, sa-[x] kn. ak salunthungan (tmr. kuwih dadar lsp); di-[x] ak: 1 diginyêr-ginyêr (tmr. wêtêng lsp. supaya mari lêlarane); 2 digarap supaya patohan (tmr. kêmiri, jago); [x]-[x]-an pc: atos (patohan) bangêt.
ulih: n. antuk k. kondur ki 1 bali mênyang ing omahe; 2 têka ana ing omahe; 3 {ut. [x]-([x]-)an} êngg. kn. ak. bali, mati; [x]-[x] kn: pawèwèh awujud sêga salawuhane lsp. marang wong kang nyumbang (dhukun kang nambani, lsp) minangka tandhaning atur panuwun; di-[x]-i n. dipunantuki k: dibalèni (bojone kang wis dipêgat); di-[x]-[x]-i kn: diwènèhi ulih-ulih; di-[x]-ake n. dipunantukakên k. dikondurakeki:[3] digawa (diêtêrake) mulih; 2 dibalèkake (tmr. barang silihan); [x]-[x]-an kn: balèn karo bojone kang wis dipêgat; kc. mulih, pulih.
uliya: pc wong suci (ahli tapa); kc. oliya.
ulik: ki petan; di-[x]-[x] êngg. kn: diuthik-uthik.
uling: kn bngs. wêlut gêdhe; kc. oling.
ulir: êngg. kn bngs. sêkrup cilik (ing suwêng lsp); di-[x] êngg: 1 diputêr (sêkrup lsp); 2 dikotrèk (tmr. gabus sumpêl gêndul); ng-[x] budi: mikir kanthi têmên-têmên; [x]-an: 1 nganggo sêkrup, sêkrupan; 2 putêran (ing diyan kanggo ngungalake sumbu); paku [x]-[x]-an ak: paku sêkrup.
ulu: I kw êndhas; 2 êngg. pangarêp, kang dhisik; 3 ak. sandhangan wulu (i);[4] di-[x] ak: diwulu; kc. ulon, pangulu, wulu. II [x]-[x] (banyu) kn: punggawa desa (mantri) kang ngurus babagan banyu (irigasi). III di-[x] kn: diêlêg, diêlêd (pangan sing wis dimamah lsp); kc. kolu, kolon.
ulu-ati:êngg pulung-ati.
ulubalang: kw pangarêping prajurit (senapati).
ulu-bêkti: (-pêkti) kw: bulu-bêkti.
ulu-guntung: kw bngs. cantrik.

uluh: êngg. kn (pring) wuluh.
(uluk): I [x]-[x] kn 1 ngunèkake bêdhil (mriyêm) diincêngake mêndhuwur (kanggo têngara lsp); 2 têtêmbunganing gandhèk kang nglantarake dhawuh-dalêm marang patih; 3 br. têtêmbungan minangka bêbukaning rêmbug (usul lsp); 4 ar. gêndhing; di-[x]-[x]-i: diwènèhi sasmita (dikurmati lsp) sarana uluk-uluk; di-[x]-ake; 1 êngg. diundha diumbulake (tmr. layangan); 2 diunèkake lan disipatake mêndhuwur (bêdhil, mriyêm); kc. muluk. II di-[x]-ake êngg: diulungake.
--- 439 ---
uluk-salam ~ umum.
uluk-salam: kn. ak mbagèkake (têtabean) sarana ngucapake "assalam 'alaikum"; diuluki salam: dibagèkake sarana uluk-salam.
ulun: kw 1 batur, karerehan; 2 aku.
ulung: I (ut. [x]-[x]) kn: manuk wulung. II di-[x]-i kn: diwènèhi (ênggone mènèhake tangane diathungake); di-[x]-ake: 1 diwènèhake (sarana tangan diathungake); 2 dililakake marang, dipasrahake; kc. mulung.
ulung-ati:êngg. ak pulung-ati.
ulur: I kn. ak nandur wiji jagung, kacang lsp. ing tanjan; di-[x](-ake): ditandur ing tanjan (jagung lsp); di-[x]-i: ditanduri (kacang lsp); [x]-an êngg: lowahan ing pinggiring sawah lsp. II kn: 1 ak. mundhak dawa (tali lsp); 2 êngg. sangkutan (tmr. layangan); 3 sungsum ula-ula (kewan bêlèhan); [x]-[x]: 1 sabuk cathokan (ing pakeyan jaran); 2 bngs. kalung rêrênggan (mubêt ing gulu têrus ing dhadha sarta bangkekan); 3 êngg. lesus; di-[x](-ake): 1 didawakake, dikalar (tmr. tali, bolah lsp); 2 diunggahake (tmr. pêpancasaning prakara), diundhaki wangênane; di-[x]-i: 1 dikalar, didawani; 2 diwènèhi pitulungan (pangan); kc. kolur, mulur, olor.
ulon: I kn swara (larasing wong gunêman, nêmbang). II [x]-[x] kn: papan kang kaprênah ing êndhas, kb. dagan; kc. ulu. III (sawah) [x]-[x] êngg. kn: sawah kang enggal kêna diêlêbi (ing mangsa rêndhêng).
um, hum: êngg. pc wis kalumrah ing akèh, mratah; kc. umum.
umad-umêd: kn (obahing lambe kaya arêp gunêman) gêdumêlan.
umah: êngg. ak omah.
uman: I ut. di-[x]-i kn bisa olèh panduman; ora [x] papan: kalah dhêsêk; di-[x]-i ak: dipandumi, dibagèhi; di-[x]-ake êngg: dibage, diêdum marang. II di-[x]-[x] kn: diunèk-inèke[5] kanthi têmbung panyampah, diundhat-undhat.
umat: I êngg. kn kumat. II (A) kn. ak: 1 sakèhing tumitah, rakyat; 2 wong-wong kang padha nglakoni agama (Islam, para pandhèrèke K. N. Muhamad).
umatyaka: kw. ak sandhangan cêcak (...).[6]
umbag: kn. ak sênêng sêsongaran (umuk).
umbah-umbah: êngg. kn 1 masuh sandhangan; 2 nggarap-banyu; kc. kumbah.
umbak: êngg. kn ombak.

umbal: êngg. kn 1 nyewa (têtunggangan), numpang; 2 bêburuh; 3 (ut. [x]-an) sewan (tmr. kreta, grobag lsp); di-[x] êngg. ak: disewa; [x]-an êngg. ak: 1 opahan, buruhan; 2 dhuwit pasewaning nênunggang (momot).
umbang: kn. ak umbag, umuk; di-[x]-[x] êngg: diuman-uman, diundhat-undhat; kc. ombang.
umbar: kn padha ngaso ana ing jaba (tmr. murid ing pamulangan); di-[x]: 1 ora dikurung, diuja ing sakarêpe; 2 ak. ora ditutupi, diwadèkake; 3 ent. diuja, ditogake bae, ora dicandhêt; ng-[x] hawa: nguja hawa napsune; ng-[x] kunca br: mbèbèr kunca; ng-[x] suku br: mlaku saparan-paran; ng-[x] swara: ngucap sêsongaran (nantang lsp); [x]-an: 1 kewan lsp. sing diumbar; 2 ujan-ujanan.
(umbara): ng-[x] kw lunga saparan-paran; kc. ambara.
(umbe): di-[x] êngg diombe.
umbêl: kn. gadhing ki banyu ngyiyid kang mêtu saka ing irung (ut. katut ing sêsukêr).
(umbyung): di-[x]-i kn. ak diombyongi, diumyungi.
(umblug): di-[x]-ake êngg. pc diumuk-umukake; kc. mumbluk.
umbuk: kn 1 ak. tumpuk(-an); 2 toh kang diklumpukake si sapa mênang ngukup; di-[x]-[x] êngg: diklumpukake nganti têtumpukan akèh; [x]-[x]-an, ng-[x] (-kêruk): têtumpukan akèh bangêt (ora ditata).
umbul: kn 1 ak. obah saka ngisor mêndhuwur; 2 tuk (kang mbuwal wujud blumbangan, asaling kali); 3 êngg. ak. lêlurah, pangarêping pajagan ing padesan; [x]-[x]: gêndera ciyut dawa ing pucuk nganggo kloncèr; di-[x]-ake: diunggahake supaya mêndhuwur (balon lsp); kc. kombul, mumbul.
umbut: êngg. kn bung pênjalin.
umbris: êngg. kn cirak, jirak.
(umbruk): di-[x]-ake kn disèlèhake têtumpukan ora ditata (jarit lsp); [x]-an êngg: tumpukan (watu lsp).
ume: kw. ak nglangi.
umèb: kw. ak wrata, kêbak mratani.
umèr: kn. ak têlês ngêmu banyu.
umès: kn ngêmu banyu (tmr. lêmah lsp); kc. umês.
umêb: êngg. pc umob.
umêd: I kw. ak ndhêlik, singidan. II [x]-[x] kn: 1 obah lambene kaya arêp gunêman; 2 pc. gêdumêlan.
umêk-umêk: êngg. kn kumropyak (swaraning banyu), rame tmr. swaraning gunêman.
(umêl): di-[x]-[x]-i kn digrênêngi (sarana gêdumêlan).
umêt: kn ngêmu banyu, rada têlês.
umêt-umêtan: êngg. kn ubêng-ubêngan; kc. komêt, mumêt.
umi: (A) kn. ak biyung.
umik-umik: kn obah-obah lambene (kaya nalika njapani lsp).
umil-umil: pc umik-umik.
umindhuwur: jk munggah, mêndhuwur.
umingsor: jk mudhun, mêngisor.

umis: kw. ak mili.
umyang, umyêng, umyung: kw rame (swarane wong akèh).
umyêk: êngg. kn rame (swaraning wong gunêman).
umuk: kn 1 ak. unggul, ungkul; 2 ngajèni awake (barang darbèke) ngungkuli samêsthine; di-[x]-i: dituduhi apa-apa (ngêmu karêp ngunggul-unggulake).
umum: (A) kn 1 wis kêlumrah ing akèh, mratah ing êndi-êndi; 2 nyrambahi sakabèhe (ora mligi); 3 pc. wong akèh;
--- 440 ---
di-[x]-ake: diwratakake ing wong akèh (pawarta lsp); kc. êmum, makmum.
(umun) ~ undhak.
(umun): [x]-[x] kn wayah esuk sadurunge srêngenge mlêthèk.
umung: kw rame (swaraning wong akèh lsp).
umur: (A) kn. yuswa ki 1 suwene ênggone urip (ent. ênggone tumitah, dumadi); 2 pc. urip, nyawa; wis (durung) (ng)umur pc: wis (durung) diwasa; sa-[x]-ing jagung pr: sadhela bangêt.
umus: kn. ak umus.
umob: kn mumpal-mumpal marga wis panas (tmr. banyu sing digodhog lsp).
umok: êngg. kn mundhak gêdhe banyune (tmr. kali lsp).
umor: I kn idune tansah kumocor (kumudu-kudu mutah). II kw: umor, awor; kc. wor.
umos: kn mbrabas ngêmbês banyune (tmr. gênthong lsp).
(umpah): di-[x]-[x] kn. ak diuman-uman, diundhat-undhat.
umpak: kn watu sangganing cagak (ganjêl saka); [x]-[x]: 1 coraking bathikan kang dadi dhêdhasare cêmukiran; 2 ak. têtêmbungan pangalêmbana ing layang kiriman; 3 ak. rêrêngganing kêkarangan; 4 antaraning wilêt ing pungkasaning gêndhing (yèn arêp bali kaya sakawit); di-[x]: dialêm, dionggrong; di-[x]-i: ditrapi ompak; kc. ompak.
umpal: êngg. kn 1 ak. gêdêbog lsp. kanggo nglangi; 2 kambang (ing jaring); kc. mumpal.
umpama: êngg. pc upama.
umpan: êngg. kn pakan (ing pancing).
umpang: êngg. kn. ak luwih karo bobote.
umpag-umpêg: kn cêndhak buntêk (papak).
umpêl-umpêlan: kn ngumpul dadi siji uyêl-uyêlan; kc. ngumpêl.
umpêng: êngg. kn urung-urung dalan banyu (kang ciyut).
(umpêt): di-[x](-ake) kn didhêlikake, disingidake; [x]-an ak: ndhêlik.
umplêng: êngg. kn diyan sinthir.
umpling: êngg. kn 1 diyan sinthir; 2 pc. impling.
umpluk: kn unthuk, wuruh; kc. mumpluk.
umpuk-umpukan: kn. ak umbuk-umbukan, têtumpukan.
umpon: êngg. kn rumpon.
umprik: êngg. kn umrik.
umpruk:I êngg. kn umpluk. II di-[x]-ake pc: diumbrukake.
umrang, umrêng: êngg. kn. ak nywara rame (wong akèh).

umrêg: kw swara gumrêbêg (rame).
(umrês): di-[x] pc diubrês.
umrik: kn mundhak gêdhe (rob, tmr. kali).
un, hun: (C) timbangan boboting candu (1 tail, 1 timbang).
una: tanpa [x] uni pc: ora duwe rêmbug apa-apa.
unakara: kn. (unakawis k) ak udakara.
unandika: kw gunêm ing sajroning ati; ng-[x]: gunêman sajroning ati.
unang: I kw. ak susah dening kêsêngsêm; kc. onêng. II ka-[x]-[x] kn. ak; kondhang, misuwur; kc. konangan.
unar:, gawe [x] êngg. pc gawe ramening akèh (martakake pawarta sing ora bêcik); kc. onar.
(undang): di-[x] kn. (diaturi, ditimbali ki 1 dikon têka (mara); 2 dicêluk jênênge (pangkate ut. sêsêbutane); 3 êngg. disuruhi, diulêm-ulêmi; kc. kondangan.
undar: kn. ak ikalan.
(undêr): [x]-(-[x]-)-an kn 1 bundêran (cumplêngan) cilik tmr. wudun lsp; 2 ent. lajêring sêbab (prakara lsp).
undur: I 1 kn. ak. obah (mlaku) mêmburi; 2 ki. ulih; [x]-[x]: 1 ar. kewan bngs. yuyu (ing pasisir); 2 bngs. jara (bur); di-[x]: 1 ak. disuwak (tmr. pangkat, sêsêbutan); 2 ak. dilèrèni, dipocot; 3 disumênèkake, diulur wangênane; di-[x]-[x] ak: disuda (dikurangi) saka sathithik (tmr. pakarêman lsp); di-[x]-i ak: 1 disingkiri sarana mundur (marga kalah pêrange lsp); 2 ditunjang lsp. ing nalikane mundur; 3 disirik (disingkiri sawêtara), disèlèhake (pakaryan lsp); di-[x]-ake: 1 digawa (dikon, dilakokake lsp) mundur; 2 dikalahake (tmr. prajurit pêrang); 3 disumênèkake; kc. kondur, mundur. II êngg. ak: udur.
unjal: ut. ng-[x] kn 1 êngg. dijupuki disinggahake (pari kang mêntas diênèni); 2 njupuki bakaling susuh banjur digawe (tmr. manuk); (ng-)[x] ambêkan(-napas): ngampêt ambêkan nganti suwe; di-[x](-[x]) êngg: digotong, diusung; di-[x]-i êngg: dijupuki (diusungi); sa-[x]-an: sasêrotan (tmr. napas).
(unjar): di-[x] kn. ak diumbar, ora diblênggu (tmr. pasakitan); [x]-an ak: ora diblênggu.
unjêl-unjêlan: êngg. kn suk-sukan (wong akèh bangêt).
unjuk: I di-[x]-ake kn diunggahake (sarana disodhokake lsp); kc. munjuk. II ki. ak: atur; wêling [x] ki: wêling supaya diaturake; [x]-[x] ki. ak: pawèwèh (katur marang dhêdhuwuran); di-[x]-i uninga ki: diwèhi wêruh; di-[x]-ake ki: diaturake marang, diwènèhake marang; kc. konjuk, munjuk. III di-[x] ki: diombe; di-[x]-i ki: 1 diombèni; 2 disusoni; [x]-[x]-an ki: ombèn-ombèn.
(unjung): di-[x]-i êngg. kn diujungi; di-[x](-[x])-ake: ditumpuk-tumpuk, diundhung-undhung; kc. ujung, munjung, punjung.
(undha): di-[x] kn 1 (ut. di-[x]-[x]) ak. diumbul-umbulake (gada lsp); 2 diulukake (tmr. layangan), dicêncang banjur diburake (tmr. manuk).
undhag: êngg. kn baud (pintêr gêgawean).
undhagi: kn 1 êngg. baud (pintêr gêgawean); 2 ak. tukang kayu (gawe dandanan kayu).

undhak: n. indhak k wuwuh; di-[x]-i: diwuwuhi (kèhe, ukurane, rêgane lsp); di-[x]-ake: 1 diunggahake rêgane (pajêge lsp), diwuwuh-wuwuhi (tmr. pawarta [pa...]
--- 441 ---
[...warta] lsp); 2 diwuwuhi supaya dadi luwih akèh; [x]-an: 1 wuwuhan; 2 kw. jaran; [x]-[x]-an: 1 pancadan (ambal) ing bêbatur, tlundhag sungsun; 2 êngg. pc. tanggul (ing pinggir dalan); kc. mundhak.
(undhamana) ~ untara.
(undhamana): di-[x] kn disrêngêni kanthi diundhat-undhat (ênggone ora malês kabêcikan lsp).
undhang:(-undhang) kn 1 dhawuh (pranatan) kang digiyarake; 2 ak. anggêr-anggêr; di-[x]-i ak: diwènèhi wêruh sarta didhawuhi; di-[x]-([x])-ake ak: digiyarake (tmr. pranatan, dhawuh lsp); kc. kondhang.
undha-undhi:pc mèh padha, mung sathithik bedane (kacèke).
undha-usuk: kn 1 nganggo têtandhingan miturut kaanane (gêdhene lsp); 2 urut-urutan beda-beda saka sathithik; 3 pc. mung sathithik bedane (mèh padha).
(undhat): di-[x]-[x] kn diundhamana kaluputane kang uwis.
(undhêr): ng-[x] kn tansah dumunung ing sapanggonan (ora ngolah-ngalih, ora mêtu-mêtu).
undhi: I kn. ak apa-apa kang diumbal-umbulake nuli ditadhahi (kyt. bal ing dolanan gêritan, dhadhu lsp. sing dianggo nglotre); di-[x], diundhèkake ak: dilotre (tmr. giliraning njogèd lsp). II pc: udhi.
(undhil): ora ng-[x] br ora olèh gawe, ora mitayani.
undhig: êngg. kn baud (ing gawe).
(undhuh): di-[x] kn 1 dipêthik (tmr. wowohan sing wis tuwa lsp), dijupuk (tmr. susuh, madu ing tala); 2 ditêtakake ana ing panggonane sanak-sêdulur lsp. kanthi bojana kaya wong duwe gawe (tmr. pangantèn), diajangi ênggone ngebarake kabisane (tmr. pakumpulan nabuh gamêlan lsp).
undhuk: kn 1 ak. papan kang rada pêtêng (dening kalingan ing wêwayangan); 2 ak. kranjangan pring ing jêro dilêboni wong dianggo nggêgiro macan sing arêp dirampog; 3 ak. pêpêthan rêca cilik dianggo njontrot manuk (nggunani wong wadon lsp) sarana dijapani; 4 ak. ar. iwak sêgara digaringake dianggo sarana nututake jaran; 5 kayu awak-awaking pasah; 6 (ut. sambang [x]) lara mrongkol ing wêtêng (kaya-kaya bisa munggah mêpêti napas); 7 (caping [x]) caping gêdhe kang digawe blarak ut. clumpring; di-[x]-i; 1 dikrudhuki supaya suda padhange (tmr. diyan); 2 (ut. di-[x]-[x]-i) dijontrot supaya mara (tmr. pitik lsp); kc. mundhuk.
(undhung): di-[x]-[x] kn. ak: ditumpuk-tumpuk sungsun-sungsun; [x]-[x]-an: têtumpukan tumpang tindhih; kc. mundhung.
unèn: pc. ak micara; [x]-[x] kn. (ungêl-ungêlan k): têtêmbungan ing layang, têtêmbungan kang wis kaprah dianggo saèm. bêbasan; 2 têtabuhan (gamêlan, musik lsp); kc. uni.
unêk: kn. ak rasa kumudu mutah; kc. ênêk, munêk.

unêm: kn ar. bumbon-crakèn.
unêng: kw prihatin dening kêsêngsêm; kc. onêng.
uni: I n. ungêl k 1 swara (lmr. diwêtokake ing kewan lsp, ut. dianakake ing liyan kyt. bêdhil, gamêlan lsp); 2 pc. têmbung, pangucap; 3 ak. surasaning layang; 4 ênggone ngucapake tulisan (pamacane); mara [x] ak: sabar bangêt (ora tau nyrêngêni lsp); kakehan [x]: kakehan gunêm (rêmbug); diunèn-(unèn)-i ala: diujar-ujari kang ora bêcik; diunèkake: 1 ditabuh (disêbul lsp) tmr. gamêlan, slomprèt lsp; 2 disulêd lsp. supaya muni tmr. bêdhil, mrêcon lsp; 3 diucapake (diwaca) tmr. tulisan, layang lsp; 4 diarani, dianggêp kaya; diunèk-unèkake: diujar-ujari ala; kc. unèn-unèn, muni. II (ut. [x]-[x] êngg. wingi-[x], ing [x] ak): biyèn; [x] (-bêngi) êngg: wingi; kc. nguni.
uning: êngg. k wêruh.
uninga: ki wêruh; diuningani kw diwêruhi, disumurupi; diuningake kw: diwêruhake, dituduhake, dikandhakake.
unu: I êngg. kn keceran bêras (pari, jagung) campur karo lêmah lsp; kc. wunu. II di-[x] êngg. ak: diilèni (disoroti) banyu tmr. sawah lsp; kc. unon.
unur:êngg. kn punthukan lêmah (omah rayap).
unus: I êngg. kn duk. II kn: 1 wujuding wilahan kêris; 2 br. telaking wêwatêkan kang katon ing pasêmoning praèn; ora ganja ora [x] pr: tanpa ana pilihane babar pisan; di-[x]: 1 êngg. ak. dilolosi; 2 dilolos saka wrangkane (tmr. kêris lsp); 3 ak. dipupu (ditarik) ing pajêg (awujud wulu-wêtuning padesan lsp); [x]-an: 1 ak. bngs. pajêg dipupu saka wong duwe gawe lsp. katur marang lurah; 2 br. pêpilihan, kang pinunjul (tmr. wong); 3 br. iga.
unon: kn 1 êngg. panggêng, tansah ajêg bae (ora gonta-ganti); 2 êngg. têtêp diêdol (diwènèhake) tmr. sawah; 3 êngg. sorotan, tansah kêna diêlêbi tmr. sawah.
unta: kn ar. kewan kalêbu kewan nggayêmi (gulune dawa, mawa punuk ing gêgêre).
untab: kn wêtuning wong (prajurit lsp) bêbarêngan, up. [x]-ing wadya-bala: kc. muntab, kontab.
(untal): I di-[x] kn 1 têrus diulu (tanpa dimamah); 2 ks. dipangan; [x]-[x]-an lêmah: mangan lêmah pêrlu dianggo supata. II di-[x]-ake êngg. kn: didhêsêk lsp. nganti kontal; kc. kontal.
(untap): di-[x]-ake kn 1 diêtêrake ing nalikane mangkat, lunga lsp; 2 br. dipatèni; [x]-[x]-an: 1 ak. mlaku tut-buri; 2 mèh barêng têkane; 3 pc. mèh padha, mung sathithik bedane.
untar: I kw urub; ng-[x]-[x] kn. ak: 1 murub mobyar; panas bangêt (tmr. rasaning badan); 2 br. muring bangêt. II ki: wudun; [x]- n ki: wudunên.
untara: I wis [x] pc wis sawêtara suwene (ênggone ngêntèni lsp); diuntarakake pc: dititakake; kc. watara, antara. II kw: 1 lor; 2 kiwa; kc. utara.
--- 442 ---
untas ~ (ungar).

untas: êngg. kn. ak bantas (tmr. swara).
untawis: êngg. k untara.
(untêl): di-[x]-[x] kn digulung diuwêl-uwêl (sandhangan lsp); [x]-[x]-an: 1 katon gêgulungan uwêl-uwêlan; 2 ent. padha ngumpul akèh bangêt uyêk-uyêkan; kc. muntêl.
untêk): [x]-[x]-an êngg. kn katon riyêl akèh bangêt (tmr. sèt lsp); kc. muntêk.
until:, sa-[x] kn saunting; kc. unting.
unting:, sa-[x] kn sabêntèlan (godhong, rèncèk lsp); di-[x]-i: dibêntèli, ditalèni sabêntèl-bêntèl; [x]-an: bêntèlan.
(untir): di-[x] kn dicêkêl banjur diputêr mubêng (tmr. tali, pang lsp); kc. muntir, puntir.
untu: kn. waja ki 1 balung jèntrèk lêlarikan ing cangkêm tumancêb ing bam; ent. cringihing graji, jungkat, rodha jam lsp; 3 ambal (palang-palang pancadan ing andha); kc. unton-unton.
untu-gêlap: êngg. kn rodha wêsi mawa cringih-cringih ing pinggire.
untul: êngg. kn janur arèn.
untung: kn 1 êngg. bêgja, kabêgjan; 2 êngg. pc. bathi; [x]-[x]-an ak: bêgjan-bêgjan; kc. kontung.
(untup): di-[x]-ake kn 1 dikatonake pucuke sathithik; 2 ent. diwahyakake sathithik (gagasane, panêmune); kc. muntup.
(untut): di-[x] kn 1 dipangan saka sathithik (tmr. barang kang mawur, bubuk lsp); 2 êngg. diirit-irit; 3 (ut. di-[x]-i) pc. dipangani bae (panganan lsp).
(untu-walang): di-[x] kn 1 disambung ing gathukane sambungan mawa cringih-cringih cêcathokan (tmr. blèg lsp); 2 ditandur (ditanja lsp) awujud rong larik kang blênjat-blênjat (ora jèjèr).
unton-unton: kn 1 mawa cringih-cringih kaya untu; 2 kn. ambal (palang-palang pancadan ing andha); 3 tipak ing cakotan; kc. untu.
uncal: I kn. ak sondhèr kang disabukake. II di-[x]-i kn: ditibani apa-apa sing disawatake; di-[x]-ake: 1 dibalangake, disawatake; 2 ditibakake (tmr. pancing).
(uncang): di-[x] kw dibuncang, diuncalake; kc. panguncang.
uncar: kn. ak soroting banyu (pêpadhang lsp) kang sumirat; kc. muncar.
uncêk: kn wêsi giligan (cilik) ing pucuke lancip piranti dianggo mbolong, jara cilik; di-[x]-i: dibolong nganggo uncêk.
uncêt: êngg. ak pucuking tumpêng.
(uncit): di-[x]-[x] kn 1 dijambak lan dicènèng; 2 êngg. pc. tansah dioyak-oyak; [x]-[x]-an êngg. pc: oyak-oyakan; kc. buncit.
(unclung): [x]-[x], ng-[x] êngg. pc mlaku rikat sarta tumungkul.
(uncul): di-[x]-ake kn dicungulake, diwêtokake saka ing; kc. muncul.
uncung: êngg. kn anak mêrak.
uncuwi: (C) kn pipa têmbako.
(uncrat): di-[x]-i kn disirati ing banyu lsp. kang marga kocaking wadhah; kc. muncrat.
(uncrit): [x]-[x]-ên êngg. kn kuru sarta tansah lêlaranên.

(unthêl): di-[x]-[x] pc digêlung lsp. diuwêl-uwêl.
unthêr: kn ukêl lung-lungan (ing bathikan lsp); di-[x]-i: didokoki unthêr.
(unthêt): di-[x] kn 1 dilongi sathithik, dislingkuhake; 2 ent. ora diblakakake kabèh (tmr. kabar lsp); kc. ênthêt, untut.
unthil:, sa-[x] êngg. ak saunting, sauntil.
unthul: kn 1 keseran (grobag) cilik; 2 batur tlèdhèk (bocah wadon); 3 jangkrik, gêmuk lsp. sing dianggo nggêgiri (ngêndêlake) jangkrik, gêmak lsp. liyane (kang arêp diêdu); ng-[x] êngg: 1 dadi unthul (ent. tmr. wong); 2 mlaku tut-buri ing liyan; di-[x]-i: digêgasah (diêdu) karo unthul (gêmak, jangkrik lsp).
unya: I êngg. ak lunga (ngalih) mênyang liya ênggon, oncat. II kw. ak: uni; kc. munya.
unyak-unyuk: pc bênyunyak-bênyunyuk.
(unyal): [x]-[x]-an êngg. pc ugal-ugalan.
unyar: êngg. kn untingan (pari, godhong, lsp) kira-kira satêkêm; di-[x]-i: diuntingi; kc. unyêr.
unyar-unyur: pc bênyunyak-bênyunyuk.
(unyêl): di-[x]-[x] êngg. kn diuyêl-uyêl.
(unyêng): [x]-[x](-an) kn. (panêngêran ki. ak): 1 undêraning rambut kang mungsêr (ing êndhas); 2 undêraning wulu kang mungsêr (tmr. kewan, jaran lsp); kc. munyêng.
(unyêr): di-[x]-i kn ditudingi nganggo driji (ent. didakwa, diarani ala); di-[x]-[x]-ake êngg: diubêngake ngganjrêt; kc. munyêr.
(unyêt): di-[x]-[x] êngg. kn dipênyêt-pênyêt, diwênyêt-wênyêt.
unyik: pc kang kèri dhewe (tmr. main, balapan lsp).
unylêng, unyling: êngg. pc enak bangêt.
(unyuk): [x]-[x] pc têka (mlaku) rindhik-rindhikan; kc. munyuk.
(unyur): [x]-[x] pc mara (têka) bênyunyak-bênyunyuk.
(ungak): [x]-[x] kn 1 ndêlêng manglung mlêbu; 2 ent. nganggo ngèlingi kaanane, di-[x]: didêlêng (kanthi manglung mlêbu); di-[x]-[x]-i: dipêthukakake lan didêlêng (wong kang arêp têka, barang kang adoh lsp); kc. anguk, inguk.
ungak-ungik: kn. ak gojag-gajêg.
ungal: I k. ak uni; kc. ungêl. II di-[x]-ake kn: 1 diodotake mêtu (tmr. sumbu, ucêng-ucêng lsp); 2 didêgèkake munggah tmr. dhadha; kc. mungal.
(ungang): di-[x] kw. ak diungak, diinguk.
ungap: kw rada ringga, gojag-gajêg; di-[x]-[x]-i êngg: dianguk-anguki, diungak-ungaki.
ungapan: kn. ak papan kang dadi têmpurane kali, dalan lsp; kc. sungap.
(ungar): di-[x]-i êngg. kn. ak diwiwiti; [x]-an êngg: 1 isih wiwitan, isih anyaran, kang mêtu kawitan; 2 ak. isih tigas; 3 (ut. [x]) prabot-prabot pananduring têbu.
--- 443 ---
(ungas) ~ upa.

(ungas): di-[x]-[x] kw diambu-ambu, diambus-ambus; di-[x]-ake kw: diumukake kabisane lsp; kc. kongas.
ungêl: k uni.
(unggab): di-[x]-i êngg. kn diungkabi.
unggah: n. inggah k obah mêndhuwur; di-[x]-i: 1 dipènèk (diliwati, diparani lsp) kalawan mlaku mêndhuwur; 2 ent. dilawan lan dipadoni tmr. rêmbugan lsp; 3 (ut. di-[x]-[x]-i) ditêkani ing wong wadon njaluk supaya diêpèk bojo; di-[x]-ake: 1 dijulukake (digawa, disodhokake lsp) mêndhuwur; 2 dilêbokake ing (lumbung tmr. pari, ing buku cathêtan lsp); 3 dijunjung pangkate; 4 diladèkake mênyang pangulon (tmr. ningkahan); 5 diundhakake (tmr. rêrêgan, pajêg lsp); [x]-an: 1 kang mêntas diunggahake pangkate; 2 êngg. mêntas ditêtêpake duwe hak ndarbèni sawah; 3 kanggo wilangan atêgês suwene lsp. ênggone munggah (ngunggahake) up. sa-[x]-an: [x]-[x]-an: 1 papan kang dianggo munggah (ing gunung lsp); 2 ênggone munggah; 3 ak. cara lsp. ênggone ngunggah-unggahi; 4 wêktu lsp. ngunggahake pangkat; 5 kang mêntas diunggahake (pangkate lsp); 6 ak. slamêtan ngarêpake pasa; kc. munggah, punggahan.
unggah-ungguh: kn tata-pranataning basa miturut lungguhing tata-krama; kc. mungguh.
unggal dina: n. unggil dintên k. êngg sabên dina.
(unggar): di-[x] êngg. kn 1 ak. dijênggarake (tmr. apa-apa sing kêmpêl; kyt. sêga, kêtan lsp); 2 br. diuja (diumbar) tmr. kêkarêpan, hawa nêpsu lsp.
(unggêb): di-[x] êngg. kn diungkêb.
unggyan: kw. ak ênggon.
(ungguh):: kc. unggah-ungguh, mungguh.
unggul: kn 1 mêncungul luwih dhuwur karo panunggalane; 2 luwih akèh totohane tinimbang mungsuhe, kb. asor; 3 mênang; di-[x]-i ak: diungkuli; di-[x]-([x])-ake: 1 dicungulake munggah; 2 diluhurake, dikaton-katonake; kc. munggul.
unggon, unggwan: kw ênggon.
(ungkab): di-[x]-i kn 1 dibukak (dilingkap) tutupe; 2 br. dikatonake, dipitongtonake (tmr. kabisan lsp); kc. mungkab.
(ungkad): di-[x] kn. ak 1 dicidhuk banjur diwalik (tmr. godhogan kêtela lsp); 2 ent. ditêtangi (nêpsune kang wis lêrêm), dicungulake manèh (tmr. prakara sing wis sirêp); [x]-[x]-an êngg: blêthok (saka ing kalèn lsp); kc. mungkad.
ungkag-ungkêg: kn 1 kaanane wong ndudut lsp. diogak-ogak angèl; 2 pc. obah ora maju ora mundur (bayi mêngkurêb lsp), mlêbu mêtu atine (ênggone arêp wèwèh lsp); kc. ugag-ugêg, ungkêg.
(ungkak): ng-[x] krama kn ninggal tata-krama (kurang ngajèni).
ungkal: I pc wungkal; di-[x]: diasah ing wungkal; ng-[x] gêrang br: kaya wungkal gêrang (wangune uwang). II di-[x] kn. ak: disongkèl; kc. kongkal.
ungkara: kw. ak pêpuji, donga.

ungkêb: êngg. kn panas dening ditutup rapêt: [x]-[x]: têturon mêngkurêb; di-[x]: 1 dilêbokake ing kuwali lsp. banjur ditutup rapêt; 2 diimbu sarana ditutup rapêt (wowohan lsp).
(ungkêg): di-[x]-[x] kn diogak-ogak arêp dicopot (paku lsp).
ungkêr: kn 1 ênthung (ulêr, urèt lsp); 2 êngg. ikalan lawe; tiba [x] ak: bayi lair têrus mati.
(ungkih): di-[x] kn 1 ak. dicènèng, digèrèd banjur disingkirake; 2 êngg. ak. dikalahake, ditêlukake; 3 disur (kalungguhane lsp), didhêsuk; 4 êngg. ak: diudi, dijangka.
(ungkil): di-[x] kn disongkèl, digol nganggo antru lsp, dijongkèng diunggahake (diwalik).
ungking: êngg. kn. ak gêlut.
ungkul: kn kumudu luwih karo pêpadhane; di-[x]-i: dilangkahi (dumunung ing sadhuwure), diluwihi (dhuwure, kèhe lsp).
ungkur:, sa-[x]-e n. sapêngkêripun k sawise mangkat lunga (ent. sawise mati); di-[x]-i n. (dipunpêngkêri k): ora diarêpake; di-[x]-ake: 1 didokok ing saburine, ora diarêpake; 2 ditrap (didokok lsp) mungkur; 3 ent. disingkur, diêmohi; [x]-[x]-an: 1 padha dene mungkur (ora arêp-arêpan); 2 pêpisahan ênggone mlaku (padha mlaku kosok balèn ênêre); kc. mungkur, pungkur.
ungkrag-ungkrêg: pc. obah ora bisa mlêbu ora bisa mêtu.
(ungkrah): di-[x]-[x] kn. ak dijupuki nganti pating blengkrah; kc. ongkrah.
(ungkrêd): di-[x] kn 1 diêlongi dawane; 2 dikurangi; kc. mungkrêd.
(ungkrêg): di-[x]-[x] pc diungkêk-ungkêk.
ungup: kn. ak mêncungul sathithik; [x]-[x], [x]-an ak: kang dadi pêpucuking bab lsp. kang katon, usul kang dicungulake; kc. mungup.
(ungsêb): di-[x]-[x]-ake kn raine digangsur-gangsurake ing lêmah; kc. kongsêb.
(ungsêd): di-[x] kn. ak 1 diudi bangêt bisane nggayuh (ngèlmu lsp); 2 dijaluk kanthi adrêng.
(ungsêl): di-[x]-[x] kn didrêsêli sarta disrondholi ing êndhas; di-[x]-[x]-ake pc: dijaluk-jalukake supaya bisa olèh pagwean[7] (pangkat lsp).
(ungsêng):: di-[x]-ake kn. ak diubêngake ngganjrêt; kc. mungsêr.
(ungsi): ng-[x] kn lunga nyingkiri bêbaya (banjir lsp); ng-[x] urip(-pangan) ak: lunga golèk panguripan (pangan); diungsèkake: digawa (diajak) ngungsi.
(ungsil): di-[x]-[x]-ake kn dijaluk-jalukake supaya bisa olèh pagawean (pangkat lsp); kc. usil.
(ungsir): di-[x] kw dioyak têrus, digusah; kc. usir.
ungsum: kn 1 lagi mangsa akèh-akèhe (wowohan, lêlara lsp); 2 êngg. k. taun; [x]-[x]-an: mangsan; kc. usum.
upa: kn las-lasaning sêga; di-[x]: ditèmplèkake nganggo upa; di-[x]-[x] êngg: didulang saka sathithik (bocah cilik).
--- 444 ---
upaboga ~ upsir.
upaboga: (S) kw kanikmatan, pangan; ng-[x]: golèk pangan.

(upadamêl): k upagawe.
upadana: kw. ak pêparing, pawèwèh.
(upadi): di-[x] kw digolèki.
(upados): ng-[x] k. ak golèk; dipun-[x]-i k. ak: digolèki; kc. upadi, pados.
upadrawa: (S) kw kasusahan, kasangsaran, wêwêlak; di-[x]: disiksa, kêna ing wêwêlak (kasusahan).
upajati: (S) kw. ak ar. têmbang gêdhe.
upajiwa: (S) kw. ak pangan, rêjêki; ng-[x]: golèk rêjêki (nyambut gawe); pang-[x]: saranane olèh rêjêki (panggawean lsp).
upajiwana: (S) kw. ak rêjêki, pangan.
(upagawe): di-[x] n. dipunupadamêl k. ak: digarap, diupakara.
upah: êngg opah.
upaya: (ut. sandi [x]) (S) kw krenah, reka, paeka, sarana; di-[x]: 1 ak. dikrenah, direkani, diapusi; 2 digolèki.
upaka: kw. ak kali.
upakara: (S) kw. ak 1 rêrênggan kang adi-adi; 2 panggawe (panindak) kang bêcik; di-[x]: 1 ak. dirêrêngga kang bêcik; 2 digarap (ditandangi) kalawan bêcik (mayit, wong lara lsp), diopèni kanthi têmên-têmên (têtanduran, omah lsp).
(upakarya): di-[x] kw diupakara, diupagawe.
upakarti: kw pacawisan (rêrênggan, prabot-prabot lsp).
(upakat): di-[x]-i êngg. pc dimupakati.
(upakawis): k. ak upakara.
upakyana: (S) kw. ak crita, dongèng.
upaksama: (S) kw. ak apura, di-[x] ak: diapura.
upaksi: atur [x] kw awèh wêruh, ngandhani.
upala: (S) kw. ak watu.
upalabi: (S) kw. ak pênêmu, pangrêti, pangrasa.
upalamba: (S) kw. ak kêturutan, kasêmbadan.
upama: n. upami k 1 (ut. sandi [x] kw) têtêmbungan lsp. kang minangka pêpindhan; 2 tuladha kang dianggo nggamblangake; 3 (ut. sa-[x], [x]-ne) mungguha, mênawa kaya (kêlakona) ... mêngkono; tanpa [x] br: ora ana sing madhani; upamane: kang dianggo tuladha kayata ...; diupamakake: dipadhakake kaya dene ...
upaos: k. ak supata.
upapanji: kn. ak têmbung kang purwane mawa sandhangan pêpêt diringkês sarana karangkêp karo wanda candhake. kyt [...][8]
upapati: (S) kw. ak jêksa; ang-[x] ak: mulang.
uparêngga: kw rêrênggan, pêpajangan; di-[x]: dirêngga, dipajang, dipacak.
upas: I kn wisa, racun; di-[x]-i: diwisani, diracun. II kn: 1 batur kang dianggo kongkonan (ing kantor-kantor lsp); 2 pulisi agèn.
upasadana: (S) kw. ak pakurmatan, panyuba-nyuba.
upasaka: (S) kw. ak calon pandhita Buda.
upasama: (S) kw. ak: sabar sarèh, lêmbah manah.

upasanta: (S) kw. ak: sabar sarèh, lêmbah manah; ng-[x] ak: nglipur, ngrêrapu.
upasantwa: (S) kw. ak panglipur.
upasaraya: kw. ak kc.upasraya.
upas dinar: kn. ak pulisi kang mênganggo cara saradhadhu.
upas gêlap: kn. ak pulisi kapêtêngan (rêsisir).
upasuba: (S) kw. ak rêrênggan lan pakurmatan; di-[x]: disuba-suba, dirêngga-rêngga.
upas-pos: kn palayangan ing kantor pos.
upasraya: (S) kw. ak njaluk tulung (bantu).
upata: kn. ak supata.
upat-upat: I kn talining pêcut (sambuk). II êngg. kn ipat-ipat ora bakal nindakake (nglakoni).
upacantên: êngg. k upacara.
upacara: kn barang-barang kang kalêbu ampilan kêprabon (kyt. wadhah kinang, banyak dhalang, sawung-galing lsp); 2 pasamuwan dhinês ing nalikane ngêpyakake jumênêngan bupati lsp.
upawada: (S) kw. ak pisrêngên, panyampah.
upawasa: (S) kw. ak pasa.
upèksa: (S) kw. ak wêruh, paniti priksa, pangêrti; di-[c] ak: dititi-priksa, disumurupi.
upèksi: kw wêruh; kc. upèksa.
upêkti: kw bulu-bêkti; kc. upêti.
upênur: êngg. kn gupênur.
upêrklaring: êngg. kn. ak 1 katêrangan (ing prakara); 2 prosès-pêrbal; kc. pêrklaring.
upêt: kn iratan mancung (disulêd pucuke dianggo nyunyukan rokok lsp).
upêti: (S) kw 1 ak. pamêtu, wulu-wêtu; 2 pisungsung marang ratu minangka pajêg, bulu-bêkti.
upêtya: br upêti.
upih: kn clumpringan bongkok godhong jambe (sok dianggo mbêbuntêl lsp).
upiksa: kw wêruh; kc. upèksa.
upil: kn umbêl garing, angus ing diyan sinthir; di-[x](-i): 1 dilèlèti upil; 2 êngg. dipipili (tmr. jagung); 3 êngg. diopèli (tmr. cènggèr).
upyêk: (-upyêkan) kn rame padha omong (marga kelangan lsp).
uplik: êngg. pc diyan sinthir.
upmandhor: êngg. kn lêlurahing mandhor.
uput-uput: (-jêput) êngg. kn. ak esuk umun-umun; kc. umun-umun.
(uprêt): di-[x]-[x] kn diubêr-ubêr, mênyang ing êndi-êndi dioyak.
upruk: êngg. ks palanyahan.
upsêkodhur: (W) kn 1 dipanggul ing pundhak (bêdhil, aba prajurit Jawa); 2 pc. baris; 3 pc. dolanan cara saradhadhu.
upsindêr: (W) kn. ak sindêr.
upsinêr: (S) kn. ak juru mriksa pamulangan.
upsir: (W) kn ar. pêpangkatan ing saradhadhu.

ura: I kn 1 ak. wudhar (ora kêmpêl, ora rumakêt); 2 ak. padha lunga sumêbar (tmr. manuk, iwak loh lsp); 3 êngg. ngambra-ambra (lêlara lsp); 4 ora dadi, bubar (tmr. rêrêmbugan, prakaran) 5 br. gorèh, ora têtêp (tmr. ati); di-[x](-[x]) ak: diudhar-udhar, ora dikêmpêlake (ora dirakêtake); kc. uran-uran. II [x]-[x] kn: têtêmbungan sêru (têtêmbungane mung apalan bae); diuran-urani, diurak-urakake: diênêng-ênêngi (dibêbungah atine) sarana ura-ura (tmr. bocah cilik lsp). III [x]-[x] êngg. ak: tali ut. wêsi kanggo ngêrut blandar lsp.
urab: kn. ak campur, carub; di-[x] ak: dicampur, dicarub karo (kêmbang, parudan krambil lsp); (cangkême) [x]-[x]-an: ngunèk-unèkake nganggo têtêmbungan kang saru-saru.
urab-sari: kw kêmbang campur-bawur.
(urag): ng-[x] kn mati tuwa (tmr. têtuwuhan, kewan); di-[x]-ake ak: diingu nganti mati tuwa.
uragapati: (S) kw. ak ratuning ula.
urahan: kn. ak padha nywara rame; kc. wurahan.
urak: I kn. ak layang dhawuh bab giliran caos, tungguk lsp. (lmr. diwadhahi ing bumbung cilik ditampakake marang wong kang kêdhongan tampa); kêtiban [x] ak: 1 tampa urak; 2 pc. kêdhongan, tampa giliran. II di-[x]-[x] êngg.kn: dikon lunga, ditundhung-tundhung nganggo diujar-ujari; (wong) [x]-an: wong kang ora karuwan padunungane (pagaweane).
uraka: kw. ak pasuguh, suguhan; di-[x] kw. ak: disuguh.
urak-arik: êngg. pc cokèr-cokèr, nulis (pating clokèr); kc. urik.
uran-uran: kn 1 ora kêmpêl, ora krakêt (tmr. kêtan lsp); 2 têmbang kang dianggo ura-ura; kc. ura.
urang: kn ar. kewan gêgêlitan kalêbu bngs. yuyu; [x]-[x]-an: ar. manuk.
urang-ayu: kn. ak ar. wanguning suwêng.
urang-utan: kn. ak ar. kewan bngs. kêthèk gêdhe; kc. rangutan.
urat: I êngg. kn 1 bayu ut. otot kang lêmbut; 2 pc. sêrating daging [x] gêtih-([x] rah k): bayu dalan gêtih. II (A) kn. ak: palanangan ut. pawadonan. III di-[x](-i) êngg: dibage manèh (tmr. sawah ing padesan).
urdah: kn. ak sapa kuwi! (dianggo nyapa ing wayah bêngi); di-[x] pc. ak: disênggrang, digêrtak.
urdênas: (W) kn utusan (abdi-dalêm dianggo kongkonan).
urdi: kn. ak dhawuh, palilah.
ure: mas[x] kn mas lêmbut (durung diluluh); di-[x] br: 1 diudhar(-i), dijlèntrèhake; 2 ora digêlung (tmr. rambut); kc. ore.
urèn: êngg. ak wulèn.
urèt: kn ar. kewan saèm. sèt gêdhe (calon dadi kuwangwung lsp).
urêg: kn. ak gègèr arame; kc. orêg.
urêk: I di-[x]-[x](-i) kn diuthêk-uthêk nganggo driji (arêp dikêruki lsp, tmr. bolongan). II kw. ak uyêk-uyêkan (tmr. kêrêngan lsp).

(urêng): I ng-[x] êngg. kn katon bolong jêro (tmr. gudhig lsp). II di-[x](-i) êngg. kn: dibolong saka sathithik (tmr. kayu ut. wit-witan kang mêntas dibabadi); kc. murêng. III [x]-[x] êngg. kn: ar. gêgrêmêt sok ana ing pêlêm.
urik: I kn ar. pirantining mranggi dianggo ngurêki lsp; di-[x]-i: 1 dikrowoki (diurêki lsp) nganggo urik; 2 dicuthiki (dirêsiki) tmr. bêdudan. II (ut. urik klèlèt candu tike) pc: ora barès (tmr. main, dolanan lsp); di-[x]-i pc: diakali (sarana nyimpang pranatan tmr. main lsp).
(uring): di-[x]-[x] kn tansah disrêngêni; kc. muring.
urip: n. gêsang k 1 (sugêng ki) kadunungan kaanan bisa mobah-mosik, mundhak gêdhe lsp. (tmr. kewan, manungsa, têtuwuhan); 2 kaanan bisa mobah-mosik, mundhak gêdhe lsp; 3 ent. bisa mlaku (tmr. main), bisa lêstari (tmr. bakulan lsp), bisa pêcah nalare (tmr. pikiran), ora mandhêg (tmr. jam, mêsin lsp), lêstari murub (tmr. gêni lsp); 4 nyawa; 5 kaya têmênan (tmr. gambaran, dongèng lsp), isih tumindak (tmr. kagunan, tata-cara lsp); urip-urip kn: ar. lêlawuhan (sing diolah iwak lele); di-[x]-[x] (dipun-gêgêsang k); diopèni lsp. armih lêstari urip; di-[x]-i: 1 dipitulungi lsp. supaya urip; 2 ora sida dipatèni; [x]-an: gampang uripe; [x]-[x]-an: 1 mung waton urip (kaya dene wis mati); 2 dipêndhêm, lsp. nalikane isih urip; pang-[x]-an: 1 kang njalari bisa urip; 2 pangupajiwa; kc. koripan.
(urit): di-[x](-i) kn didhêdhêr sarana diceblokake sawulène (tmr. wiji pari); [x]-an: 1 dhêdhêran wiji pari sing wis thukul; 2 calon êndhog sing isih ana ing jêroan tmr. pitik lsp. (uga wiji kang bakal dadi kewan lsp).
urmat: kn 1 (solah tingkah lsp) kang dianggo nglairake tandha pangaji-aji; di-[x]-i: diajèni kanthi urmat; ka-[x]-an: 1 br. diurmati; 2 pangaji-aji, panyungga-nyungga; 3 ajining dhiri; kc. kurmat.
urna: (S) kw. ak makutha, tulban.
uru: (S) kw. ak pupu.
urub: I kn gêbyaring gêni; [x]-[x]: 1 kayu lsp. kang dianggo dadèk gêni; 2 ak. bêbuka, pêpucuk (usul); di-[x]-ake: didamoni lsp. supaya murub; kc. murub. II di-[x]-i êngg. pc: dilurubi.
urud: kw lorod, suda, undur; kc. korud, murud.
urug: kn 1 (ut. [x]-[x]) ak. lêmah lsp. kang dianggo ngrata lêgokan; 2 êngg. imbuh (tmr. mêmangan); sêkul [x] pr: wèwèh lsp. sing ora ana gunane (muspra); di-[x](-[x]-i): disoki lêmah lsp. (tmr. lêgokan, jugangan lsp), diwrata sarana disoki ing lêmah lsp. (tmr. dalan lsp); di-[x]-i: diurug ing lêmah lsp; 2 êngg. diimbuhi (tmr. mêmangan); 3 ak. dirobi ing gunêm lsp; kc. korugan.
--- 446 ---
uruh ~ usur.
uruh: kn. ak umpluking banyu (kang rêgêd); [x]-[x](-an): ilèn-ilèn banyu (kalenan) ing nalikane mêntas udan (ngèlèkake rêrêgêd); kc. muruh, wuruh.

uruk: êngg. kn. ak wuruk; [x]-[x] êngg: gumantung marang; di-[x] êngg. ak: diwulang; kc. wuruk.
urun: kn awèh panjurung (pasumbang); [x] lanang(-wadon): ngudhokake pangantèn lanang (wadon) tmr. wong besanan; [x] rêmbug: mèlu ngusulake rêmbug, ngudhoni rêmbug; di-[x]-i: diwènèhi panjurung (pasumbang): di-[x]-ake: dianggo urun.
urung: I êngg. pc durung. II kn: 1 ulês bantal lsp; 2 awak-awaking kêndhang, trêbang lsp; 3 bumbungan garan bêdudan; [x]-[x]: trowongan sajroning lêmah (dalan banyu), bumbungan wêsi lsp. sing dipêndhêm (dalan banyu lsp); di-[x]-[x]: 1 ak. ditrapi urung-urung; 2 diiringake sarana dijajari kiwa têngên (rong larik).
urungan: kn dina sanga-wara kang katêlu.
urup: I kn 1 ak. padha ajine (tmr. ijol-ijolan); 2 êngg. sumbut, murwat (karo rêkasane lsp); tanpa [x] br: tanpa sêmbulih, ora ana pulihane; [x]-[x]: 1 ak. liron, ijol-ijolan; 2 ak. midêr-midêr buruh pijêt; di-[x]-i: diijoli ing barang kang ajine padha, dituku (dibayar lsp) sarana barang (ora nganggo dhuwit); di-[x]-ake: diijolake barang liya; [x]-[x]-an: dol tinuku sarana ijol-ijolan barang (ora nganggo dhuwit); kc. kurup, korup. II (A) kn. ak: aksara (Arab).
urus: I ora [x] n. botên [x] k: ora miturut pranatan kang bêcik (ninggal tata-krama, tanpa suba-sita); di-[x]: digênahake sarta dititi-priksa (tmr. prakara), ditindakake miturut pranatane (tmr. pakumpulan, padagangan lsp); [x]-an: 1 pangrêmbug, paniti-priksa (babagan prakara); 2 caraning panindak (tmr. pakumpulan lsp); 3 prakara lsp. kang diurus; ora [x]-an karo pc: ora rêmbugan karo. II [x]-[x] kn: (ngombe) jamu kang marakake rêsik marang wêtêng; di-[x]-[x]-i: diombèni urus-urus; kc. murus.
urut: kn 1 runtut, turut; 2 (ut. [x] kacang, [x]-[x]-an) jèjèr ngarêp buri lêlarikan; 3 gilir gumanti kalawan ajêg (tumruntun); 4 (ut. sa-[x]-e) liwat ing sadawane, up. [x]-dalan gêdhe: di-[x]: 1 diambah (diliwati, diampiri lsp) gênti-gênti saka siji; 2 (ut. di-[x]-ake) ditata (dicritakake lsp) urut-urutan; 3 (ut. di-[x]-i) ditêkêm (dijapit lsp) banjur ditlusurake supaya padha pêthil ut. pisah (tmr. godhong, sate lsp); 4 (ut. di-[x]-[x]) diginda ki. dipijêti sarana ditlusur-tlusur.
usada, usadi: (S) kw tamba, jamu; diusadani ditambani.
usah: ora [x] pc ora susah.
usaha: êngg. kn pangudi.
usak-usêk: pc 1 katêrangan swaraning wong mbusêk; 2 krusak-krusêk; 3 usrak-usrêk; kc. usêk.
usalli: (A) kn (maca [x]) ngucapake donga sing têgêse: niyat ingsun arêp (wulu, sêmbahyang lsp).
usan: êngg. kn lèrèn (ênggone nyambut-gawe); kc. wisan.
usana: kw 1 kuna, jaman biyèn; 2 wasana, wusana.
usap: ut. [x]-[x] kn. ak apa-apa kang dianggo ngêlap (kc. kacu lsp); [x]-[x]: ngulapi lambe lsp. nganggo tangan lsp; di-[x](-[x]-i): 1 digosokake ing rai lsp; 2 diulapi, dirêsiki; di-[x]([x])-ake: digosok-gosokake ing,

dilèlètake ing, kalah, (kacèk) sa-[x]: mèh padha; [x]-[x]-an êngg: untap-untapan (mèh padha).
usap-tangan: êngg. kn kacu.
usar: I êngg. kn 1 jêgul lsp. kang dianggo nglèlètake lênga lsp; 2 lênga (mêrtega lsp) kang diwratakake ing wajan lsp, ragi dianggo gawe tempe; di-[x]([x])-i: dilèlèti lan diwratakake ing lumahe; kc. osèr. II (W) kn: prajurit jêjaranan.
usar-usir: kn. ak pulisi sandi (rêsisir).
usêg: êngg kc. usêk.
usêk: I ut. [x]-[x] kn (linggih lsp) bola-bali mingsêd; [x]-[x]-an pc: uyêk-uyêkan. II di-[x](-[x]) kn: dicêcêk lan digosokake (tmr. têgêsan rokok lsp.
(usêl): di-[x]-[x](-ake) kn. ak diungsêl-ungsêl(-ake).
usên: jk rikat, gancang.
(usêng): [x]-[x] kn 1 lênga lsp. diusarake ing wajan; 2 (irêng [x]-[x]) irêng bangêt; kc. ungsêng, mungsêng.
(usêr): di-[x]-[x]-ake kn. ak diubêngake ngganjrêt; kc. ungsêr, mungsêr.
(usi): di-[x] kw. ak dioyak.
usik: kn watu dianggo nggosok jobin, piranti dianggo ngêlus; di-[x]: digosok supaya alus (tmr. jobin lsp).
usil: ut. [x]-[x] kn tansah polah (ora antêng); di-[x]-[x] ak: diungsil-ungsil; di-[x]-[x]-ake: diungsil-ungsilake; kc. ungsil.
usim: êngg. kn ungsum.
(usir): di-[x] kn 1 êngg. ditundhung, digusah, dikon lunga; 2 br. dioyak têrus (prajurit pêrang).
usna: (S) kw. ak panas.
usnisa: (S) kw. ak ikêt, tulban.
usu: kn. ak wusu (piranti ngrêsiki kapuk).
(usug): di-[x] kn 1 ak. diparêmi (sabakdane dipijêti); 2 dijupuki (tmr. keceran bêras).
usuk: kn kayu (pring) iga-iganing payon.
usul: (A) kn 1 ak. asal, mula-buka, kawitan; 2 rêmbug (panêmu, panjaluk) kang diwahyakakake (ing pakumpulan, srasehan lsp); 3 (duwe [x]) duwe rêmbug (panêmu, panjaluk) kang diwahyakake (ing pakumpulan lsp); di-[x]-ake: ditawakakake marang pakumpulan lsp. (tmr. panêmu lsp); kc. asal.
usuludin: (A) kn (kitab) piwulang babagan pangandêl (Islam).
usum: êngg. kn lagi mangsa nêdhêng-nêdhênge akèh wowohan, lêlara lsp; kc. ungsum.
(usung): [x]-[x] kn nggêgawa apa-apa sing abot (ngalih omah lsp); di-[x]: digawa ngalih (bêbarêngan wong akèh).
usur: (A) kn. ak dhuwit katur marang
--- 447 ---
dhêdhuwuran (tmr. prakaran lsp); kc. pausur.
usus ~ uthik.

usus: kn 1 dalaning pangan saka wadhuk mênyang jubur; 2 ([x] êmbing-êmbing) dalan pangan mênyang pusêring jabang bayi saka êmbing-êmbing; 3 pc. ak. watêk (ati); mbalung [x] pc: kêndho kêncêng karêpe; dawa [x]-e pc: sabar; cêndhak [x]-e pc: gampang nêpsune; [x]-[x] êngg. ak: kolor, angkin.
usrêg: kn tansah polah arame (dening kurang jênjêm); [x]-[x]-an: ora têntrêm, gegeran.
uswasa, usyasa: (S) kw napas, ambêkan.
ustra: (S) kw. ak unta.
utah: êngg. kn. wutah; [x]-[x]-an: 1 pangan lsp. sing bali (saka ing cangkêm); 2 pc. panêmu lsp. sing wis ditampik; kc. mutah, wutah.
utak: êngg. kn isèn-isèning êndhas kang dadi klumpukaning sarap-sarap pangrasa lsp; kc. utêk.
utama: (S) 1 kw. bêcik, linuwih; 2 n. utami k. luwih dening bêcik (tmr. bêbudèn, watak lsp); utamane: prayogane, bêcike.
utamangga: (S) kw êndhas.
utami: k utama.
utang: n: 1 (sambutan k) dhuwit silihan; 2 (nyambut k.) nyilih dhuwit (barang) ênggone nyauri lmr. nganggo anakan; 3 kn. ent. duwe kawajiban malês (marga dibêciki lsp); [x] lara nyaur lara. [x] pati nyaur pati: bakal diwalês ing samurwate; di-[x]-i (dipunsambuti k): disilihi dhuwit; [x]-an: 1 kn. sênêng utang; 2 (sambutan k) olèhe utang; kc. potang.
utang budi: kn. ak utang kabêcikan (duwe wajib malês bêcik marga wis dibêciki).
utang-apiutang: n. sambut-apisambut k. ak padha dene utang, babagan utang-utangan.
utang-(k)apipotang: n. sambut-kapisambut(-sinambut) k. ak utang-utangan; kc. utang-apiutang.
utang-ulang: pc lunga-lunga golèk panguripan (njêjaluk pitulungan); kc. ulang-ulang.
utang urip: kn. ak duwe wajib malês bêcik marga wis diuripi.
utang pati: kn agawe patining liyan (dosa pati).
utara: I n. utawis k. pc antara, watara. II (S) kw: 1 lor; 2 kiwa. III diutarakake êngg. ak: diandharake, dicritakake.
utawa: n. utawi k têmbung panggandhèng kang mratelakake yèn: 1 kaanan (panindak lsp) siji lan sijine padha; 2 yèn ora siji iya sijine.
utawaha: (S) kw. ak: gêni.
utawi: k utawa.
utawis: k utara; kc. untara, watara.
utêk: kn 1 isèn-isèning êndhas kang dadi klumpukaning sarap-sarap pangrasa lsp; 2 ks. pikiran.
(utêr): di-[x] kn 1 ak. diiris (digunting) kawangun bundêr (tmr. godhong gêdhang sing arêp dianggo lambaran panganan lsp); 2 dibêdhol dikatutake salêmahe banjur ditandur manèh (diêlih); kc. putêr.

(util): di-[x] êngg. kn dicolong sarana dilimpe (tmr. dhuwit, dadanan[9] lsp sing dianggo, dagangan sing diadhêp ut. diidêrake).
(utu): ng-[x] êngg. pc 1 mlaku rikat tanpa ngingêtake kiwa têngên; 2 ngamuk, ngiwut.
utuh, utoh: êngg. pc wutuh.
utun: êngg. pc wutun, yutun.
(utus): di-[x] ki dikongkon: [x]-an: 1 ki. kongkonan; 2 br. kongkonaning Allah; 3 kn. kongkonaning nêgara (pakumpulan lsp), kang dadi wêwakil.
utpala: (S) kw. ak trate biru.
utri: kn 1 ar. pari; 2 ar. panganan.
utsaha: (S) jk ngêtog karosan, panjangka, pangarah, pangudi.
(ucal): dipun-[x] êngg. k 1 diolah; 2 diwulang; dipun-[x]-i êngg. k: diulati (digolèki).
ucap: kn 1 wêtuning gunêm; 2 êngg. ak. kandha, ujar; ng-[x]: clathu, gunêman; di-[x]-[x]-i ak: diujar-ujari, diunèk-unèkake; di-[x]-ake: diwêtokake ing gunêm, dikandhakake; [x]-[x]-an: 1 unèn-unèn, saèm. bêbasan; 2 (dadi -)[10] tansah dirasani ing akèh; kc. kocap, pocap.
ucapên: kw. ak kacarita.
ucarana: (S) kw. ak: 1 kandha, gunêm, crita; 2 rêrênggan; mang-[x] kw. ak: 1 ngandhakake, nyritakake, clathu; 2 ngrêngga, ngrumpaka.
(ucêk): di-[x](-[x]) kn 1 dipênêt-pênêt ing driji (tmr. mata); 2 dirêmêt-rêmêt sarta digosok-gosokake (tmr. wasuhan lsp); 3 pc. tansah disrêngêni.
(ucêl): di-[x]-[x] kn tansah dicêkêl lan diuwêd-uwêd.
ucêng: êngg. kn 1 ar. iwak loh; 2 ar. punggawa desa kang ngawat-awati pangêduming banyu; 3 lêlurahing dhukuh; 4 kêmbang mlinjo.
ucêng-ucêng: kn sumbuning diyan sinthir (mrêcon).
(ucik): di-[x](-[x]) kn dielingake sarta dijaluk (tmr. kasaguhan, wêwênang lsp).
uci-uci: kn ar. lêlara ing kulit (mlêmpung ing jêro ana isine).
ucul: kn 1 uwal lan lunga (saka ing kurungan, cêncangan lsp); di-[x]-i: diudhari sarta diuwalake (tmr. tali, bêbandan, buntêlan lsp); di-[x]-ake: dimêrdikakake saka ing bêbandan, kurungan, cêncangan lsp; kc. cul, cucul.
ucus: êngg. kn usus.
(ucut): di-[x] êngg. kn diuthut, dilolosi.
uthak-uthêk: pc udhak-udhêk; diuthak-uthêk pc: didumak-dumuk nganggo driji; kc. uthêk.
(uthêk): di-[x]-[x] kn didumuk-dumuk nganggo driji.
uthêl-uthêl: kn cêndhak umpêg-umpêg.
uthêm-uthêm: êngg. pc katon kêpu (tmr. rai), katon njêbobog (tmr. ikêt-ikêtan).
uthêng-uthêng: êngg. kn upêt.
uthi: kn tansah tumandang ing gawe (nyênyêkêl lsp).
uthik: kn (ut. [x] pêdhang) anggar; di-[x]-[x]: 1 êngg. diulik-ulik (tmr. rambut lsp);

2 didumuk diobah-obahake nganggo driji; 3 pc. dibêbeda.
uthil ~ obat.
uthil: êngg. kn eman-eman bangêt (ênggone cucul dhuwit); kc. cêthil.
uthuk-uthuk: I êngg. kn bngs. pêthèn cilik; 2 celengan; di-[x] êngg: diopèni (dirumati) kalawan prêmati. II esuk [x] pc: esuk bangêt.
(uthun): di-[x]-[x] kn diugung sarta diêmi-êmi.
uthut: pc mêsthi bakal, up. [x] mênang; ana [x]-e pc: ana pangarêp-arêpe bakal; di-[x](-i) kn: 1 dibêsèt (dilolosi) godhonge kang katut ing wulèn (tmr. pari); 2 dicolong dipêthiki (pari ing sawah); 3 diiyat, dibukak sathithik (tmr. kêrtu, uga ent.).
uwa: I kn sêdulure tuwa bapa ut. biyung. II kn: wilanganing pari (5 sangga). III diuwakake ak: 1 êngg. ditogake bae; 2 dilêmparakake, ora digarap (pagawean lsp). IV (sênjata [x]) kw. ak: walat, wêwalak.
uwab: êngg. kn kukus (ing banyu kêpanasan lsp); ng-[x]: mêtu uwabe.
uwak: kn sêdulure tuwa bapa ut. biyung; kc. uwa.
uwal: kn pêthal (ucul) saka; di-[x]-ake: dipêthak (dipisah) saka ing.
uwan: kn rambut kang wis putih; [x]-ên: duwe uwan.
uwang: I kn balung sangisoring pipi; kc. wang. II kn: 1 pc. dhuwit; 2 10 dhuwit (8½ sèn); kc. wang.
uwangan: êngg. kn suwangan.
uwa-uwa: kn wawa.
(uwar): di-[x]-[x]-ake êngg. kn diwarak-warakake, diundhangake.
uwas: kn samar, sumêlang; kc. waswas.
uwat: I kn ngêdên ing nalikane arêp nglairake bayi; sa-[x] pc: sanalika iku. II [x]-[x] kn: kang dianggo pikukuh; kc. kuwat.
(uwèh): di-[x]-i pc diwèhi; kc. wèh, wènèh.
(uwèk): I di-[x] êngg diwèhi. II di-[x]-[x] êngg. pc: disuwèk-suwèk.
(uwèn): di-[x] êngg diwèhi. II sa-[x]-[x] êngg. pc: suwe bangêt.
(uwèt): di-[x]-[x] kn dianggo saka sathithik supaya awèt; kc. wèt.
uwêd: kn 1 êngg. bolah; 2 tali kang dianggo ngubêngake gangsingan; 3 ak. tansah tumandang ing gawe, uthi; di-[x](-[x]): dicêkêl lan diêlus êlus (lmr. gêmak lsp); di-[x]-i: ditalèni (tmr. gangsingan kang arêp diubêngake).
(uwêk): di-[x]-[x] êngg. pc diulêg-ulêg, diuthêk-uthêk.
uwêl: I kn kêndhangan wadhah bayi. II di-[x]-[x] kn: diuwêl-uwêl (dluwang, sandhangan lsp); [x]-[x]-an: untêl-untêlan, pating kruwêl; kc. kuwêl, kruwêl.
uwêr: kn 1 gulungan suwiran janur (godhong gêdhang) dianggo nêsêli lèng pasuwêngan supaya mêlar; 2 êngg. alèn-alèn sanggan ukiran (mêndhak); kc. muwêr.
uwêt: kn tali gangsingan; kc. uwêd.
uwi: kn ar. pala kêpêndhêm bngs. gadhung.
(uwik): di-[x]-[x] kn 1 dicuwik-cuwik; 2 diuthik-uthik; kc. kuwik, kruwik, cuwik.
(uwil): di-[x]-[x] êngg. pc dicuwil-cuwil.
uwis: ak kc. wis.

uwit: kn: ak wit.
uwuh: I kn rêrêgêd awujud godhong lsp; kc. wuh. II di-[x](-[x]) kn. ak: 1 dicêluk; 2 diundang (kanthi swara sêru).
uwuk: kn. ak wurung, ora dadi; di-[x]-ake: diwurungake, dijugarake; kc. wuk.
(uwul): di-[x](-[x])i kn. ak diwuwuhi manèh; kc. wuwul.
(uwung): [x]-[x] kn. ak papan kang suwung; kc. awang-awung.[11]
uwur: i kn 1 ak. apa-apa kang disawur-sawurake; 2 (ut. [x]-[x]) bubukan klêmbak, ratus lsp. dianggo bumbu rokok; 3 ak. nyêbar wiji ing pagagan (têgal); di-[x]-[x]-i: disêbari bêras lsp; di-[x]-[x]-ake: disêbar-sêbarake; kc. wur, wuwur. II [x]-[x] kn: ar. kewan sêgara (wujude kaya têtuwuhan).
uwus: I ak wis, wus. II kw: ujar, têtêmbungan; di-[x]-[x] kn. ak: disrêngêni; kc. muwus, wuwus.
uwod: kn. ak oyod; kc. wod.
uwoh: kn. ak woh, awoh.
uwok: kn. ak brewok; kc. wok.
uwol: (W) kn 1 rimong lsp. sing digawe wulu wêdhus; 2 êngg. pc. kamli; 3 subal (ing rambut); kc. wol.
uwong: n. tiyang k wong.
(uwor): di-[x]-ake êngg. ak diworake; kc. wor.
uwos: k bêras; kc. wos.
uwot: kn. ak wot; ng-[x]: mlaku ing wot.

1. ribut.
2. Huruf Jawa: u.
3. dikondurake ki.
4. Huruf Jawa: i.
5. diunèk-unèkake.
6. Huruf Jawa: cecak.
7. pagawean.
8. Huruf Jawa: pdhang (pêdhang), lbu (lêbu).
9. dandanan.
10. dadi-[x].
11. awang-uwung.

O

o: kn sabawa mratelakake pangêsah, gumun lsp.
obag: êngg. kn 1 umpak; 2 grobag.
obah: n. ebah k owah saka ing kaanan mênêng; di-[x]-ake: digawe supaya obah (uga ent.); [x]-[x]-an êngg: ada-ada ngudi marang sawijining gêgayuhan; kc. mobah.
obah-osik: kn br: tuwuhing gagasan, krêntêging ati.
obang-abing: kn. ak senggotan.
(obar): di-[x] êngg. ak diobong; kc. kobar.
obar-abir: 1 kw. clèrèt, thathit, kilat; 2 kn. coraking gêndera mawa warna têlu (abang, putih, biru).

obat: kn 1 campuraning sêndawa, arêng, wlirang lsp. dianggo isèn-isèning patrum, mriyêm, mêrcon lsp; 2 jasad-jasad ing ngèlmu pamisah kang dianggo rabuk, mangsak gula lsp; 3 êngg. pc. jamu,
--- 449 ---
tamba; kramas [x] br: pêrang campuh.
(obat-abit) ~ (ogok).
(obat-abit): di-[x]-ake kn diontang-antingake (tmr. barang kang dawa kyt. pêdhang lsp); kc. mobat-mabit.
(obèl): ng-[x] pc mubêng megal-megol (rodha lsp); [x]-an pc: 1 êngg. engkol bur dianggo ngubêngake sêkrup; 2 apa-apa sing dianggo pawadan (aling-aling): kc. obèng.
obèng: I (ut. [x] -an) kn 1 lar (ing jantra): 2 engkol bur dianggo ngubêngake sêkrup; 3 senggotan dianggo mutêr rodha lsp; ng-[x]: mubêng megal-megol. II ng-[x] kn: buruh mbathik; di-[x]-ake: diburuhake (tmr. bathikan): [x]-an: opahaning bathikan kang digarap.
obèt: pc kobèt.
obin: kn 1 jobin; 2 ru pêsagi (14,19 m^2); di-[x]: ditêksir sapira pamêtune (tmr. pamêtune sawah lsp); kc. ubin.
obyag: êngg. kn gêdêr.
obyo: êngg. kn saèm. cao.
obyog-obyog: êngg. kn tayuban, janggrungan; [x]-an: padha bêbarêngan nggarap gawe; kc. ombyok.
(obyok): di-[x]-[x] êngg. kn dikumbah ing banyu (tmr. sukêt lsp).
(obyong): di-[x]-i pc diubyungi, diumbyungi.
obyor: êngg. kn ubyar, gêbyar.
oblang, oblo: ks palanyahan.
obli: (W) kn ar. kuwih.
oblok-oblok: kn sêga jangan lan lêlawuhan dicampur dadi siji; di-[x] pc: disrêngêni akèh-akèh.
obodan: êngg. kn groboh (tmr. garapan); kc. ubud.
obong: kn. ak mati nyêmplung ing gêni; [x]-[x] ngobong uwuh lsp; di-[x] n. dipunbêsmi k: 1 disulêd (dinyunyuk, dilêbokake) ing gêni; 2 dipanasi murih atos (tmr. bata, gêndhèng), dimatêngake sarana gêni (tmr. gamping); 3 pc. dibêbangus, digêgasah; [x]([x]-)an kn: 1 kang diobong, olèh-olèhane ngobong; 2 pc. amuk-amukan ênggone totohan; kc. kobong.
obor: kn pring iratan, blarak lsp. disulêd dianggo colok; kêpatèn [x] pr: kelangan lacak tmr. alurane sêduluran, (ut. tmr. panitining prakara); gêdhe [x]-e br: sakèhing prakara dititipriksa kalawan adil (tmr. nêgara); di-[x]-i: 1 disuluh (dibrongot, dipadhangi) nganggo obor; 2 br. dipadhangake rêmbuge (prakarane).
obor-giring: pc. ak Pamarentah Luhur.
(obos): [x]-[x]-an êngg. kn obrol-obrolan.
(obrak-abrik): di-[x] kn dirusak nganti pating blengkrah.
obral: ut. [x]-an kn mbudhalake barang-barang dagangan kanthi rêga murah; di-[x]-ake: diêdol kanthi rêga murah-murahan.
obrus: kn panggêdhening saradhadhu.

obrog: kn ar. dolanan bocah (nganggo gacuk watu totohane gendhongan); [x]-an pc: ora adèn-adèn (tmr. garapan).
obrol: (-an) kn 1 pc. omong gêgorohan umuk-umukan; 2 êngg. paomongan, kandha; di-[x]-[x] êngg: didhudhah diudhal-udhal; di-[x]-ake pc: diomongake (kanthi umuk-umukan); ng-[x] pc: omong gêgorohan umuk-umukan.
(obrot): di-[x]-[x] êngg. pc diudhèt-udhèt wêtênge.
(odod): di-[x]-ake kn didudut diwêtokake saka sathithik (kêris saka ing wrangkane lsp); kc. modod.
odok: êngg. pc rada.
(odor): ng-[x] êngg. kn adrêng, mrêdêng.
odrog: êngg. kn bngs, jara.
ojat: dadi [x] br dirêmbug (digunêm) ing akèh; kc. kojat.
(ojèh): di-[x] êngg. kn disuwèk-suwèk; kc. rojèh.
(ojèl): di-[x]-ake êngg. kn diucik-ucik, ditêtangi tmr. prakara sing wis sirêp; kc. kojèl.
ojit: êngg. pc aja.
ojogan: kn 1 (wong [x]) tukang nggawa gêgawan kang abot-abot; 2 (bakul [x]) bakul klithikan sing idêr mrana-mrana.
ojok: I pc aja. II di-[x]-[x]-i kn: diajani sarta dibêbangus supaya mbangkang lsp.
ojolan: êngg ijolan.
ojong: diêmban [x], di-[x] kn: diêmban sikile karo pisan dislonjorake (tmr. bayi, kb. dipèkèh).
ojrat: êngg. kn. ak slawatan nyritakake siksa lan ganjaran ing jaman ngakerat.
odhag-adhig: kn. ak tansah obah oglak-aglik.
odhak: êngg ora.
(odhal-adhil): di-[x] kn 1 didhudhah diadhul-adhul; 2 dikandhak-kandhakake (tmr. wadi).
(odhal-adhul): di-[x] pc diodhal-adhil.
(odhe): ng-[x] êngg. kn 1 lêgèh, nganggur; 2 buruh nggarap; diodhèkake êngg: diburuhake, diopahake.
odhèg: (-an) kn lodhèg, oglak-aglik marga ora sêrêt anjing-anjingane; di-[x]-ake: dilodhègake, diogak-ogak.
(odhèt): di-[x]-[x] kn dicoblos sarta disuwèk wêtênge (dijupuki jêroane).
odhêg: êngg. kn orêg.
odhil: ora [x] ak ora nggawêr, ora mantra cukup.
odhol: I kn para, groboh (tmr. bathikan lsp); di-[x]-[x]: diudhal-udhal, diudhèt-udhèt lan diwêtokake jêroane. II di-[x] pc: dikodhol.
ogah: êngg. kn êmoh, wêgah.
ogak: I êngg ora. II kn: oyag oklak-aklik (tmr. untu lsp); di-[x]-[x]: dioyag-oyag.
ogak-agik: kn ogak.
ogal-agil: kn ar. wot ing ngakerat kang tansah obah oyag-ayig.
ogèk: pc ogak; di-[x]-[x] pc: diogak-ogak.

(ogèl): di-[x]-ake kn diobahake (tmr. ilat, buntut lsp); kc. mogèl.
oging: êngg. kn êmoh, wêgah.
oglak-aglik: kn oyag-ayig arêp copot (rubuh).
(oglèng): di-[x]-([x]-ake) kn disêngkêlit sêmu dicongatake (tmr. kêris); kc. moglèng.
(ogok): I di-[x]-[x] pc digosoki nganggo gèntèr lsp. (tmr. lèng). II di-[x]-[x]-ake pc: disèlèhake bae; kc. mogok.
--- 450 ---
(ogrèg) ~ omah.
(ogrèg): di-[x]-[x] pc diogak-ogak (tmr. kunci lawang lsp).
(ogrok): di-[x]-[x] pc disogoki nganggo gèntèr lsp (tmr. lèng).
oyag: kn obah miyut-miyut tmr. barang kang ngadêg; di-[x]-[x]: diobahake miyut-miyut (wit lsp).
oyag-ayig: kn obah oglak-aglik arêp rubuh.
(oyah): di-[x]-ake kn dikon nyandêr lan nyakot (tmr. asu).
(oyak): di-[x](-[x]) kn 1 diblêdig, diburu; 2 tansah ditagih.
oyan: (C) kn bngs. pulas irêng.
oyêg: êngg. pc orêg.
oyod: kn 1 peranganing wit sing tumancêb ing lêmah piranti nyêrot pangan; 2 witing têtuwuhan rambat; 3 (sa-[x]) samangsa panenan (6 sasi ut. 1 taun); 4 ak. woding têmbung; 5 pc. ula (diucapake ing wayah bêngi); ng-[x]: 1 mêtu oyode; 2 ent. wis bêbranahan akèh, wis lêlêmahên.
(oyog): di-[x](-[x]) kn 1 dicêkêl banjur diobah-obahake (nggugah wong turu lsp); 2 diobah-obahake supaya bisa bali jêjêg (tmr. cagak), supaya bisa amot akèh tmr. tenggok lsp.
(oyok): di-[x](-[x]) kn 1 êngg. dioyak-oyak; 2 pc. diujêg bae (têtakon lsp); 3 dikroyok ing akèh; [x]-[x]-an: 1 ak. lêlakèn (tmr. iwak); 2 pc. pêpadon; kc. koyok.
oyol: I êngg. kn bngs. icir cilik. II di-[x]-[x] ks: diuyêl-uyêl.
(oyong): di-[x]-[x] êngg. pc digawa mrana-mrana; kc. uyang.
(oyos): di-[x] êngg. kn diwatun.
(oyot): di-[x](-i) êngg. kn diirati lan disisiki (tmr. pring).
okèh, okih: êngg. pc akèh.
(okèr): di-[x]-[x] êngg. pc dicokèr-cokèr.
oklak-aklik: kn oyag-oyag arêp putung (ut. arêp copot saka ing anjing-anjingane).
oklèk: êngg. pc coklèk; di-[x]-[x] pc: dicoklèk-coklèk.
okol: kn 1 mêthekol, kêncêng tmr. pawakan; 2 (ut. [x]-[x]-an) èngg. gêlut rukêt cêngkah-cêngkahan; di-[x]-i: digagahi, dipiyagah; [x]-[x]-an: piyagahan, èyèl-èyèlan, pêksa.
(olag-alig): di-[x](ake) kn diobahake diwolak-walik.
olah: kn 1 nggarap; 2 (ut. ng-[x]) br. nggêgulang, marsudi; 3 (ut. [x]-[x]) gawe lêlawuhan; di-[x]: 1 êngg. ditandangi; 2 êngg. digarap (tmr. sawah); 3 diadoni (digawe) tmr. lêlawuhan; [x]-[x]-an: lêlawuhan, mangsakan; kc. ulah.
(olak-alik): di-[x] kn diwolak-walik.

olang-aling: kn sindik ing cacadaning wluku (garu) dianggo nalèkake tambange; ng-[x]: nggoling-nggoling (marga lara bangêt); kc. oling.
olang-olang: êngg. kn golèk; kc. ulang-ulang.
olan-olan: kn 1 ar. kewan bngs. urèt; 2 wangune kaya ula; kc. ulan-ulan.
ole: pc olèhe.
(olèd): di-[x]-ake pc diwêtokake (tmr. ilat).
olèh: n. angsal k 1 entuk, bisa tampa (tmr. njaluk, nyambut-gawe, golèk); tampa, diwènèhi (pitulungan, bêrkah lsp); 3 êngg. pc: kêna nindakake, up. [x] mangan sêga; 4 êngg. pc: kêna ing, up. [x] walating wong tuwa: 5 lila, awèh, up. apa-[x] disilih?; 6 wis diambah (dialami, dilakoni, digarap) ing saperangan, (tmr. dalan, wêktu, pagawean), up. ênggone maca [x] saparo, lagi [x] têlung tahun; 7 digathukake karo (tmr. nêncang, masang lsp; 8 dijodhokake karo (tmr. laki-rabi); [x]-e: ênggone; sa-[x]([x]e¨miturut sapira ênggone olèh; di-[x]-ake; 1 diudi nganti bisa oleh; 2 digathukake karo (tmr. nêncang lsp); 3 dijodhokake karo (tmr. laki-rabi); kc. olèh-olèh, pakolèh.
olèhan: n. angsalan k. êngg kêrêp olèh, kêrêp ngolèhake (tmr. piranti kyt. pancing lsp).
olèh aja: êngg. br anggêre ora.
olèh ati: n. angsal manah k rada disihi, ora dicêcênggring.
olèh dadi: n. angsal dados k. êngg bisa kêlakon uga, bok-mênawa.
olèh gawe: n. angsal damêl k bisa kalêksanan kang disêdya.
olèh-olèh: n. angsal-angsal k apa-apa kang digawa mulih (mêdhayoh) bakal kawènèhake marang wong kang ana ing omah (wong kang didhayohi); diolèh-olèhi: diwènèhi olèh-olèh; diolèh-olèhake: 1 dianggo olèh-olèh marang; 2 diudi supaya bisa olèh; olèh-olèhan pc: bisa olèh apa kang disêdya.
olèh pêpati: br bisa gawe patining mungsuh.
olèk: [x] enggal, [x] wis êngg gèk enggal, gèk wis!
olèkku, olèkmu: êngg duwèkku, duwèkmu.
olèng-olèng: kn bngs. urèt (ing wit jati).
(olèr): di-[x]-ake pc diwêtokake nganti dawa; kc. molèr.
(olèt): di-[x] êngg digolèki.
olih: êngg olèh.
oliya: (A) kn wong suci (kêkasihing Allah).
oling: I êngg. kn uling.II ng-[x] kn: nggoling, jêmpalikan.
(olod): ng-[x]-[x] êngg. kn kêpengin bangêt kumudu mêmangan.
(olok): di-[x]-[x] kn diundhat-undhat sarta dituduh-tuduhake pialane sing uwis-uwis.
olor: I kn sungsum (kewan bêlèhan). II êngg. kn: kalenan (ing sawah). III di-[x] êngg. kn: diulur, didawakake; kc. molor, ulur.
olor-olor: I êngg. kn kolor; kc. ulur-ulur. II êngg. pc: udud rokok.
omah: 1 n. griya k. dalêm ki. yêyasan mawa payon kang dianggo dêdunung ut. dianggo kaprêluan liyane; 2 n. griya k. padunungan, kang didunungi; 3 kn. wis gêlêm manggon (tmr. kewan ingon-ingon),

krasan; [x] sadhuwuring jaran pr: sêkuthon nêdya mblela; ngêdêgake [x] ing pawêdhèn pr: pitaya marang wong
--- 451 ---
kang ora kêna diandêl; di-[x]-i: 1 (n. dipun-griyani k); ditunggoni dening kang lanang (tmr. wong wadon); 2 (dipun-griyani k. didalêmi ki) diêdêgi omah, diênggoni; kang di-[x]-i (ingkang dipun-griyani k. kang didalêmi ki): omahe ing; di-[x]-ake n. dipun-griyakakên k: 1 dipapanake ing; 2 ditêtutut supaya omah (tmr. kewan); kc. omah-omah, pomahan, somah.
omahan ~ ondhe-ondhe.
omahan: kn diingu ing wong (tmr. kewan, uga dianggo ent.).
omah-omah: n. gêgriya k. dêdalêm ki): dêdunung ing; 2 (griya-griya k. dalêm-dalêm ki) omah akèh; 3 (emah-emah k. krama ki) rabi ut. laki; diomah-omahake n. dipunemah-emahakên k. di(pi)kramakake ki: dirabèkake, dilakèkake; omah-omahan kn. (griyan k. ak); omah cilik, têtironing omah.
oman: I êngg. kn damèn. II êngg. kn: uman.
omar-amèr: êngg. kn jêmèk; kc. amèr.
omba: ak amba.
ombak: kn 1 obahing banyu gêgulungan (mêndhak mêndhukul); ent. ili, laku (tmr. lakuning wong bêbarêngan, gagasan lsp); ng-[x](-[x]): 1 wangune kaya ombak; 2 (ut. ng-[x] banyu) mêndhak mêndhukul kalawan tata (kaya ombaking banyu); 3 br. mlaku bêbarêngan akèh bangêt (tmr. lakuning prajurit); kc. kombak.
(ombal-ambil): di-[x] êngg. pc: diolok-olok.
(ombang): di-[x]-[x](i) êngg. kn saèm. diewani.
(ombe): di-[x] kn. diunjuk ki: dilêbokake ing cangkêm têrus diulu (tmr. barang cuwèr, banyu lsp); diombèni: 1 diwènèhi ngombe; 2 pc. diumpak, dialêm.
ombèn: kn. unjukan ki 1 kanggo wilangane wong ngombe; 2 sêdhiyan diombe, up. banyu [x]; [x]-[x] kn. unjuk-unjukan ki: apa-apa kang diombe.
(ombèng): di-[x]-[x] êngg. kn saèm. diewani; kc. ombang.
ombèr: kn 1 isih jêmbar papane (kobèt, ora sêsak); 2 ent. ora rupak (têbane, jajahane, wêktune); di-[x]-i: 1 diwènèhi papan; 2 dilunggèni wêktu.
ombyak: [x]-ing wong akèh pc kalumrahane wong akèh; kc. ombak.
ombyog, ombyok: êngg. kn tayuban; kc. obyog.
ombyok: kn grombolaning jagung, kupat, bêsusu lsp. ditalèni gantilane; di-[x]-i: dikumpulake ditalèni gantilane (tmr. jagung, kupat lsp); [x]-an: êngg. dhompolan, grombolan; 2 êngg. grombolaning sêsanakan, krabat; 3 pc. caruk banyu (tmr. têtuku).
(ombyong): I di-[x]-i kn diubyungi. II [x]-[x] kn: sluwiran gêgodhongan lsp. kang dianggo pasrèn; diombyong-ombyong: disandhangi sarwa bêcik; diombyong-ombyongi: dirêngga nganggo ombyong-ombyong.
ombol: kn nggrombol; di-[x] êngg: dicêmplungi wiji akèh (tmr. tanjan); [x]-[x]-an êngg: dhêdhompolan akèh, gêgrombolan akèh.

(ombrok): di-[x]-ake kn diumbrukake, dioprokake (tmr. sandhangan lsp); [x]-an: 1 têtêmbungan ora ditata; 2 campur ora ditata (tmr. dagangan).
(ome): ng-[x] êngg. kn ngomyang; di-[x]-i êngg: disrêngêni.
(omèl): ng-[x] ks gunêman tanpa têgês, grundêlan; di-[x]-ake ks: diobrolake, diomongake.
omês: êngg. kn sêtiti; ora [x] êngg: ora prêduli.
(omyang): ng-[x] kn 1 ndlêming (marga lara); 2 ks. omong, gunêman; di-[x]-ake ks: diomongake, dikojahake.
(omyèh): ng-[x] êngg. kn criwis, sugih omong; kc. omèh.
omong: êngg. pc 1 gunêman, kandha; 2 gunêman kang ora nyata; [x]-[x]-an pc: kêkandhan, gêgunêman.
omong kosong: pc gêgunêman gêgorohan.
ompak: pc umpak.
(ompyong): di-[x]-[x] pc: disandhangi sarwa bêcik; kc. ombyong.
ompod: êngg. kn srêgêp.
ompok: êngg. pc ampok.
ompol: kn uyuh (ing nalikane turu); ng-[x]: nguyuh (ing sajroning turu).
ompong: kn. gutuk-waja, daut ki coplok untune, tanpa untu.
(ompot): di-[x]-ake êngg. kn diumpêtake.
omprong: êngg. kn rantang, panci rèntèng.
(omprot): di-[x]-[x] êngg. kn disêbar pating tlècèk.
onar: êngg. kn sumêbar ingêndi-êndi (tmr. pawarta); gawe [x] êngg. pc: gawe gêndra (sarana pawarta); [x]-[x]-an êngg: nêdya agawe kagèting wong akèh.
ondêr: (-dhistrik) (W) kn 1 (ut. ondêran) wêwêngkon peranganing dhistrik; 2 êngg. pc. asistèn-wadana; (ka-)[x]-an: omahe asistèn-wadana.
onjèt: êngg. kn bawon.
onjo: kn linuwih tinimbang pêpadhane; dionjoni ak: diungkuli (kèhe, kapintêrane lsp); onjo(n)-onjonan: rêbut unggul (rêbut mênang, akèh, pintêr lsp); kc. monjo.
onjot: kn mulur manèh (tmr. wangênaning wêktu); di-[x]: 1 êngg. sawise lèrèn ngaso sadhela banjur ditutugake manèh ênggone nggêgawa (ngendhong[1] abot lsp); 2 diulur manèh wangênaning wêktune ing sawise mèh pundhat (tmr. kontrak, utang lsp); di-[x]-i: diwènèhi onjotan; [x]-an: 1 ak. dohing antarane pangasone wong mêmikul (nggêgawa abot); 2 ak. uluraning wêktu (tmr. kontrak, utang lsp); kc. pangonjot, ngonjot.
ondhal-andhil: I êngg. kn anak ontang-anting. II pc: dêdagangan lsp. nganggo dhuwiting liyan. III kn. ak: ar. dhuwit têmbaga ing jaman kuna.
ondhan: êngg. ak 1 sêla ing pagawean, ora ngrêkasa; 2 wêktu lèrèn (ngaso).
ondhang: êngg. pc undhang.

ondhe-ondhe: I kn. ak pêpindhan, upama kaya; kc. andhe. II kn: ar. panganan kang digawe glêpung (diglindhingi diusar wijèn).
--- 452 ---
(ondhok) ~ ongkloh-ongkloh.
(ondhok): ng-[x]-[x] êngg. kn mangkêl bangêt, susah bangêt nanging ora kêwêtu.
ondhol: êngg. pc groboh, ora adèn-adèn; di-[x]-i êngg: didulêg brotole arêp didêlêng apa ngêndhog apa ora (tmr. bèbèk); [x]-an êngg. ks: palanyahan; kc. odhol, mondhol.
onêng: kw prihatin dening kangên; [x]-[x]-an: kangên bangêt marang (kang tinrêsnan).
oni: êngg uni.
onta: kn. ak unta.
(ontal-antil): di-[x]-ake êngg. kn: diontang-antingake.
ontang-anting: kn anak mung siji thil (tanpa sêdulur); di-[x]-ake: digantung lan diobat-abitake; kc. anting, montang-manting.
ontang-ontang: êngg. kn pinituwa.
onte-onteyan: kn dhêdhompolan rêrèntèngan.
ontèl: kn kêmbang kluwih.
ontên: k. pc ana; kc. wontên.
ontung, ontong: êngg. kn untung.
(ontog): ng-[x](-[x]) êngg. kn mangkêl bangêt.
ontong: kn 1 jantung (kêmbang gêdhang); 2 (sa-[x]) siji (tmr. jagung); kc. montong.
(ontor): I di-[x] êngg. kn: diglontor ing banyu. II ng-[x] êngg. pc: nêpsu bangêt.
ontrag: kn 1 orêg (tmr. bumi); 2 kagèt banjur susah (tmr. ati); di-[x]-ake br: diorêgake; kc. kontrag.
ontran-ontran: kn gegeran, prakara kang njalari rame.
oncat: kn luput saka, lunga saka; di-[x]-i: disingkiri, dilungani; kc. koncatan.
(once): di-[x] kn. ak dironce, dikarang (tmr. kêmbang lsp); kc. ronce.
(oncèk): di-[x]-i kn 1 diilangi kulite (tmr. wowohan lsp); 2 ent. diudhar, dipriksa isine (prakara, panêmu lsp); kc. koncekan.
oncèn: (-oncèn) kn kêmbang dironce (rêrêngganing ukiran lsp).
(oncèng): di-[x]-[x] pc 1 dioyak-oyak wong akèh; 2 tansah digêjêg ing pitakon; kc. goncèng.
oncèr: I êngg. kn canthèl. II di-[x]-ake br: 1 diandharake nglantrah; 2 tinarbuka (tmr. nalar lsp); kc. koncèr, moncèr.
(oncèt): di-[x](-i) êngg. kn dioncèki.
(oncit): di-[x]-[x] êngg dioyak-oyak; kc. uncit.
(onclak): di-[x] êngg. ak dionclang(-onclangake).
onclang: kn ar. dolanan bocah wadon (nganggo monte lsp. diumbul-umbulake banjur ditadhahi); digawe [x] pc: dianggo kongkonan; di-[x] ([x]-ake) ak: diuncal-uncalake munggah banjur ditadhahi (gêgaman lsp).

onclong: êngg. kb 1 gêbayan (ing desa); 2 (ut. rondha [x]) ak. rondha nganglang ing padesan; 3 ks. palanyahan; ng-[x]: mlaku rikat; [x]-[x]-ên êngg: lara ising-isingên.
(oncog): ng-[x] êngg. kn mlaku têrus ngênêr ing; di-[x]-i êngg: ditêkani, têrus dijujug.
oncom: êngg. kn tempe bungkil.
oncong: êngg. kn urubing obor lsp; kc. oncor.
oncor: I kn colok kang digawe bumbung lsp. didokoki sumbu gêdhe; di-[x]-i: dipadhangi nganggo oncor. II di-[x]-i kn: 1 ak. diacungi ing tumbak; 2 diilèni banyu (tmr. s awah); 3 dijori; [x]-[x]-an: 1 ak. sodor-sodoran tumbak; 2 jor-joran, onjon-onjonan.
oncowe: (C) kn pipa têmbako (Cina).
onthèl: I (ut. [x]-[x]) kn cêkêlan ing obenganing jantra, mêsin mênjait lsp. II kn: bundhêlan gombal dianggo nyangar bocah kang arêp dicêkoki; di-[x](-i): disêsêli ing onthèl banjur dicêkoki.
(onthoh): di-[x]-[x] kn diêlus-êlus (dicêkêl-cêkêl lsp).
ontho-ontho: kn ar. lêlawuhan sing digawe parudan krambil diglintiri.
onya: êngg. ak sumingkir lunga saka; dionyani ak: dilungani, dioncati.
(onyog): ng-[x] êngg. kn mlaku ora nganggo tata-krama.
(onyok): di-[x]-[x]-ake kn ditawak-tawakake sarana diulungake (dituduh-tuduhake).
(onyol): di-[x]-[x]-ake pc dionyok-onyokake.
ongak-anguk: kn tansah anguk-anguk.
onggal: êngg sabên; kc. unggal.
(onggèr): di-[x] êngg. kn diunggar.
(onggo): ng-[x]-[x] kn (nangis lirih) jibêg bangêt atine.
onggok: kn atine wit arèn (sok digawe pathi).
onggrag-anggrêg: pc bola-bali mandhêg; kc. anggrêg.
onggrèh: êngg. kn obah (mingsêd) sathithik; di-[x]-[x]: diowah-owah.
onggrok: (mêng-)konok [x], sikothok [x] pc kang ala dhewe; di-[x]([x])-ake êngg. pc: disèlèhake bae (tanpa diopèni sathithik-sathithika).
(onggrong): di-[x] kn 1 ak. ditumpuk-tumpuk sarta diganjêl (supaya katon dhuwur ut. katon akèh); 2 diumpak, dialêm kanthi duwe pamrih; [x]-an ak: sênêng dionggrong (alêman).
ongkak: êngg. kn krasa kêsêl baune.
(ongkak-angkèk): di-[x] pc 1 ditêkak-têkuk bangkèkane; 2 diêngkak-êngkuk, dikon tumandang mêngkene nuli mêngkono, diplêtêr ing gawe; kc. bongkak-bangkèk.
(ongkang): [x]-[x] kn linggih ing pinggir sikile gumantung; ng-[x]: 1 cêdhak bangêt lan ngarêpake ing, up. sawahe ng-[x] kali; 2 êngg. lowah, longkang; 3 (atine ng-[x]) êngg. gêla bangêt dening kêcuwan.
ongkèk: I kn pikulan ing kiwa têngên nganggo sikilan ut. ambèn-ambènan (dianggo mikul gamêlan lsp). II di-[x]-[x] êngg. kn: diogak-ogak supaya rubuh.
(ongkèl): di-[x] êngg. kn diungkil.
ongklak-angklèk: êngg. pc mlaku kanthi rêkasa.
(ongklèng): di-[x]-[x] pc diêngèl-êngèl.

ongkloh-ongkloh: pc mlaku sêmu kêndho (ora sigrak).
--- 453 ---
ongklok ~ (orong).
ongklok: [x] kênthang kn kênthang godhogan; di-[x]: diêntrog-êntrog (tmr. godhogan, wong manak lsp).
(ongkog): di-[x] kn. ak dijunjung sathithik; 2 diumpak, dionggrong; kc. mongkog, ngongkog.
(ongkok): di-[x] êngg. pc diêntol (rêgane); [x]-[x]-an: êntol-êntolan, padha dene ngukuhi panêmune; kc. êngkok.
(ongkong): di-[x]-ake pc dijongkèng bokonge; kc. pêkongkong.
ongkos: (W) kn 1 wragad; 2 êngg. opahan, bayaran; di-[x]-i êngg: 1 diwragadi; 2 dibayari, diopahi.
ongkot-ongkot: pc swaraning pikulan; di-[x] pc: dipikul, digotong.
ongkrag-angkrêg: pc kêrêp mandhêg (ora maju-maju).
(ongkrah-angkrèh): di-[x] pc diêlihi lsp, pating blengkrah.
(ongkrong): di-[x]-ake pc dijênggarake pupune (ing nalikane ndhodhok); di-[x]-[x]-ake pc disèlèhake ing papan sing dhuwur; kc. mongkrong.
onglang-angling: kn. ak gunêman (mangsuli) mung anggêr muni (ora karuwan dhong-dhinge, dianggo pawadan).
ongol-ongol: kn ar. panganan.
(ongot): di-[x]-i kn disisiki (diirisi) pucuke.
(ongsêb): di-[x]-[x]-ake kn diungsêb-ungsêbake; kc. kongsêb.
opah: (-an) n. epah(-an) k pituwasing kangelan (nggêgarap lsp); di-[x]-i: diwènèhi opah; di-[x]-ake: diburuhake, dikon nggarap ing liyan nganggo ngopahi.
opak-angin: kn ar. panganan (yèn dibakar mlêmpung).
(opat-apit): di-[x]-ake kn diobahake kipit-kipit (tmr. buntut).
(opèl): di-[x]-i kn 1 dipipili (jagung); 2 diirisi sarta diwangun (tmr. cènggèr jago adon); 3 diunthêt, diênthêt (dibathi); 4 ks. ditêtaki.
opèn: (-an) kn kêladuk ênggone sênêng migatèkake (njupuk lsp) barang kang cilik-cilik (kang kurang pangaji); di-[x]-i: 1 êngg. dirukti; 2 digumatèni.
opêr: (W) kn 1 liyêran, ganti kang nyêkêl; 2 (ut. di-[x]) diêlih ing liya panggonan, pindah; 3 ganti sêpur (bis lsp); di-[x]: 1 diliyêr; 2 diêlih, digênti, digêntèni.
opêrkomplit: (W) kn (dilèrèni) marga wis kêturahan punggawa.
opisiyil: (W) kn atas (têrang) saka dhawuhing panggêdhe, wis têtêp.
opyak: (-opyak) kn 1 alok kelangan (kêmalingan lsp); 2 enggal sumêbar lan kasumurupan ing akèh (tmr. pawarta); di-[x](-[x])-i: 1 didhawuhi lsp. sêru bangêt; 2 (ut. di-[x]-[x]) ditundhung dikon lunga (kanthi dibêngoki).
opyan-opyan: pc ropyan-ropyan.
(opyok): di-[x] kn ditêlêsi nganggo kacu têlês lsp.
(opok): di-[x]-[x] kn. ak diopyok.
opor: kn iwak panggang (bèbèk lsp); [x]-[x] bèbèk (mêntas awake dhèwèk): bisa kêlakon kang disêdya saka rekadayane dhewe.

(oprak): di-[x]-[x] kn 1 digusah supaya mêtu (lunga) tmr. pitik lsp; 2 dipêksa-pêksa dikon nyambut gawe lsp.
oprup: (W) kn. ak sêbutaning panggêdhe jaman kumpêni.
oprokan: pc: ombrokan; kc. ngoprok, ombrok.
opsinêr: (W) kn 1 (pulisi [x]) lêlurahing pulisi (tukang mriksa pakaryane para pulisi); 2 (sêkul [x]) punggawa nêgara kang tinanggênah mriksa pamulangan.
ora: n. botên k 1 kosok balèn ut. sulaya karo kang kasêbut, up. [x] larang; 2 wangsulan surasane selak, kb. iya; [x]-[x]: 1 (sing [x]-[x]) kang anèh-anèh, kang ora pantês (ut. tanpa têgês), up. aja ngucap sing [x]-[x]; 2 sênadyan ora mêksa ... up. [x]-[x] diarani; orane: yèn ora ...; ora-orane: mêsthi ora bakal ...; saora-orane: sênadyana ... mêsthi ...; aja tan [x] br. [x] kêna [x]: kudu, mêsthi kudu; diorani: diwangsuli ora; diorakake: dipaido, dianggêp ora ana.
(orag): di-[x]-[x] êngg. kn diorog-orog, diobahake kêrêp.
orak: pc ora.
(orak-arik): di-[x] kn dicokèr-cokèr.
oran: êngg. kn rak (iya ta).
oranana: pc ora ana.
ore: I kn sabawaning surak. II di-[x] kn: ora digêlung tmr. rambut; kc. ure.
(orèh): I di-[x]-ake êngg. kn diandharake; kc. ure. II di-[x]-[x] êngg. kn. dirèngrèngi (tulisan).
oreyan: I kn 1 ak. rambut kang diore; 2 êngg. ak. wulèn, wuli; 3 êngg. isih aluran sanak karo; 4 andharan; kc. ore. II pc: 1 êngg. rèmèh, sapele; 2 cathêtan; kc. orèh.
(orèk): di-[x]-[x] pc dicorèk-corèk.
orèn: kn 1 panggonan pring ori.
orêg: kn 1 obah gêtêr tmr. bumi; 2 br. gègèr, rame bangêt tmr. pawarta lsp; di-[x]-ake br. diobahake gêtêr; [x]-[x]-an: gegeran, ontran-ontran.
orêm: kw angluh dening bangêting prihatin (sêdhih).
organ: (W) kn layang kabar bale swaraning pakumpulan.
organisasi: (W) kn tatanan, dhapukaning pakumpulan lsp.
orgêl: (W) kn ar. têtabuhan Eropah.
ori: kn ar. pring (mawa ri).
orkès: (W) kn mungsikan.
orloji: (W) kn. ak jam kandhutan.
ormat: êngg. kn urmat.
ornamèn: (W) kn gambar rêrênggan.
orod: êngg. kn surud tmr. banyu; di-[x]-ake êngg. pc. dilorodake (sandhangan lsp); kc. morod.
(orog): [x]-[x] kn ar. panganan bngs. thiwul; di-[x](-[x]): 1 êngg. dioyag-oyag (tmr. wit lsp); 2 diobahake wali-wali tmr. wadhah lsp.
orok: I ng-[x] kn 1 turu napase nywara sênggur-sênggur; 2 ks. turu; 3 pc. ora dianggo (disèlèhake bae); di-[x]-ake pc: dianggurake bae, ora dipigunakake. II [x]-[x] kn: 1 ar. têtuwuhan; 2 êngg. sosog, songgom.

(orong): I ng-[x] kn ngêlak bangêt.
--- 454 ---
II [x]-[x] kn: ar. kewan kalêbu bngs. jangkrik; [x]-[x] njunjung gênthong pc: njangka prakara sing mokal; kaya [x]-[x] dipidak: sanalika têrus mênêng.
(orot) ~ pada.
(orot): di-[x]-[x] kn. ak diêntèk-êntèkake, dibêboros; kc. borot, orod.
(osak-asik): di-[x] kn dibiyaki lsp. arêp nggêgolèki (tmr. pawuhan, uwuh lsp).
osar-asir: êngg. kn. ak pulisi sandi (rêsisir).
ose, osèn: kacang lsp. [x] êngg. pc kacang lsp. oncèkan; kc. wose.
(osèr): di-[x]([x]-i) kn diusar, diusar-usari.
osik: (-ing ati) br tuwuhing gagasan, krêntêging ati; di-[x]-ake br: dielingake (dening kang kawasa); kc. mosik.
osit: kn ar. wit.
(oso): ng-[x] kn sarwa sêntak sarta sêrêng wêtuning gunême; di-[x]-[x]: disrêngêni nganggo têmbung sêrêng sarta sêntak.
(osog): di-[x] êngg. kn diusug.
osog-osog: kn. ak garuk-garuk rambut.
otah: êngg. pc wutah.
otak: êngg. pc utak.
oto-oto: êngg. kn sarwa groboh lan kêsusu tmr. garapan.
otèk: kn 1 bngs. juwawut; 2 êngg. jala cilik.
otèng-otèng: kn ar. kewan bngs. urèt.
otêr: kn 1 êngg. klintêran; 2 br. gègèr, orêg.
oto: I kn sandhangan bocah dianggo tutup dhadha. II (ut. otomobil) (W) kn: kreta montor.
otonomi: (W) kn prentah bawa dhewe.
(otong): di-[x]-[x] pc digotong wong akèh.
otot: kn 1 klumpukaning sêrating daging kang gandhèng karo balung; 2 urat, bayu dalan gêtih; ng-[x]: 1 kêncêng marga ana otote; 2 pc. rosa bangêt.
(ocak): di-[x]-[x] kn diobahake mawali-wali (tmr. gêndul isi banyu, krambil lsp); kc. kocak.
ocal: êngg. k olah.
(ocar-acir): di-[x] kn. ak diawut-awut; kc. kocar-kacir.
ocèh: kn unining manuk, gunêmaning bocah cilik; ng-[x]: 1 muni tmr. manuk (lmr. kang mawa lagu); 2 gunêman tmr. bocah cilik; 3 ks. gunêman, ngandhakake wadining liyan lsp; [x]-[x]-an: 1 manuk kang bisa ngocèh; 2 êngg. wong sing dikon badhutan, omong-omongan lêlucon.
(ocèk): di-[x]-i êngg. kn dioncèki.
(ocok): di-[x]-[x] êngg. pc diolok-olok.
(ocor): di-[x](-ake) êngg. kn dioncorake (diilèkake) ing; di-[x]-i êngg: dioncori. dilêbi; kc. oncor.

(othak): I di-[x]([x]-i) êngg. kn 1 dicopoti (tmr. abah-abah jaran lsp); 2 dirucati, dibukaki (tmr. sandhangan). II [x]-[x] kn: têkêning wong picak; di-[x]-[x]: disogoki (diogrok-ogrok lsp) nganggo gèntèr lsp.
othak-athik: I kn oklak-aklik arêp copot; [x] didudut angèl pc: katone gampang dijêjaluki, nanging sajatine angèl. II di-[x](ake) pc: digathuk-gathukake; kc. athik.
othe-othe: I êngg. kn ora klambèn. II kn: ar. kewan bngs. garèng pung.
(othèh): di-[x]-[x] êngg. kn dicidhak-cidhuk (tmr. jangan lsp).
othèk: I kn ora sêrêt anjing-anjingane (tmr. garan lsp). II [x](-ku, -mu, -e) êngg: duwèk(-ku, -mu, -e); di-[x] êngg: dituku saka sathithik (tmr. kabutuhan padinan).
othèng-othèngan: kn main kêrtu tanpa totohan (ut. mung nganggo totohan sathithik).
(othik): di-[x]-[x] êngg. pc diuthik-uthik.
(othong): di-[x]-[x] kn 1 digawa sarana disangga ing tangan loro kang dilumahake; 2 êngg. pc. diêla-êla.
othot: I êngg. kn bngs. keseran, grobag cilik. II di-[x]-[x] pc: dicêkêl lsp. diènèng-ènèng (kaya dene mangan iwak alod); kc. kothot.
owah: n. ewah k 1 salin kaanan, malih dadi beda karo sakawit; 2 ([x] adate) edan; [x] gingsir: molah-malih kaanane, ora lêstari; di-[x](-[x]) êngg. di-[x]-i: 1 diganti (disalini, diwangun lsp) nganti beda karo sakawit; 2 dibênêrake tmr. tulisan lsp.
owal-awil: kn oklak-aklik arêp pothol (tmr. untu lsp).
owe, owèn: êngg. kn mbênêri awoh.
(owèh): ng-[x] êngg. kn tansah ngilêr.
owêl: kn 1 ora sênêng yèn nganti ilang (diwènèhake ing liyan lsp); eman; di-[x]: dieman.
(owol): di-[x]-[x] êngg. pc dicêmol banjur diudhal-udhal.
1. nggendhong.

P

pa: I pc. apa, sapa. II pc. bapa.
paat: kn. kc. pahat.
pabaratan, pabratan: kw. papêrangan.
pabeyan: kn. kantor mupu beya ing palabuhan; kc. beya.
pabên: k. padu.
paboyongan: kn. alih-alihan ênggon; kc. boyong.
pabongan: kn. ak. sênthongan; kc. kobongan.
pabrik: (W) kn. panggonan gawe gula lsp. sarana mêsin-mêsin.
pabrit: êngg. pabrik.
pada: I 1 (S) kw. sikil; 2 kn. ar. têtêngêr ing tulisan Jawa kanggo têtêngêr andhêging ukara utawa bêbukaning karangan (ukara), ar. pada andhap, madya, luhur, guru, lingsa, lungsi; 3 (ut. [x] gêdhe n. [x] agêng k) saandhêging têmbang; [x]-ning ulun kw: sampeyan dalêm; (durung, wis) [x] pc: (durung, wis) têrang ut. têtêp (tmr. rêrêmbugan);
--- 455 ---

di-[x]: 1 didèkèki têtêngêr pada; 2 pc. dicugag, dipungkasi. II (S) kw. ak: panggonan.
padagang ~ padha.
padagang: kn. ak. sudagar; kc. dagang.
padayantra: kn. ak. pit (sêpedhah).
padaka: kw. intên (rêrênggan).
padakathaka: (S) kw. ak. gêlang sikil.
(padal): di-[x] kn. 1 diênêtake (diduwa) nganggo sikil; 2 ak. diêmohi, ditampik, ora diturut (tmr. prentah); madal pasilan br: lunga saka ing pajagongan; madal sumbi: 1 ana kang mbrênjul (tmr. tênunan); 2 ent. ngrêndhêti rêmbug; madal tamba ak: wis ora kêna ditambani; madal wicara br: madoni rêmbug.
padalêman: kn. ak. omah (tmr. para luhur); kc. dalêm.
padam: kw. ak. diyan, damar.
pada-mandhala: kw. ak. jagat.
padamêlan: k. pagawean; kc. gawe.
padang: kn. ak. tukang adang.
padangan: êngg. ak. pawon.
padarakan: ut. pidak [x] kw. wong asor (nistha).
padaringan: kn. wadhah (simpênan) bêras.
padasan: kn. gênthong mawa pancuran dianggo wulu; kc. abdas.
padatan: kn. kamanuhan; [x]-e: lumrahe; kc. adat.
pada-wacana: kw. pasêmoning rai (praèn).
padesan: n. padhusunan k. kalumpukaning desa-desa.
padêmi: pc. padmi.
patgata: kw. ak. cilaka, cabar.
(padik): di-[x] kn. ditamat-tamatake (dititik) dhisik êndi kang prayoga; olèh [x]-an: olèh pandêngan (cong-congan); kc. widik.
padinan: n. padintênan k. kanggo ing sabên dina.
padma: (S) kw. kêmbang trate.
padmasana: (S) kw. dhampar.
padmi: (garwa [x]) êngg. kn. bojo kang baku (dudu sêlir); kc. padni.
padni, patni: (S) kw. bojo (somah).
padu: n. pabên k. 1 (ut. padon n. pabênan k) êngg. ak: gunêman, rêmbugan; 2 sulaya ing rêmbug padha gênti mangsuli (rêbut bênêr); 3 êngg. waton, anggêre; [x]-ne êngg. pc: mulane ... awit mula (pancèn) ...; dipadoni: dibantah, ora dirujuki; dipadokake êngg: dilantarake ênggone rêrêmbugan; padon (n. pabênan k); 1 êngg. gunêman, rêmbugan; 2 (ut. pêpadon) udur-uduran, tukaran; para padon br: wong kang dhêmên padu; kc. adu, du.
padudan: kn. ak. bêdudan.
padudon: kn. ak. padu, cêcongkrahan.
paduhan: kn. kakèrèning lara cacar (cangkrang) kang bisa njalari lêlara liyane.
paduka: 1 (S) kw. trumpah, sêpatu; 2 ([x] tuwan) kn. panjênêngan (urmat bangêt); 3 br. panjênêngan (kowe).

padunungan: kn. 1 ak. tlatah, palêmahan jêmbar; 2 panggonan kang didunungi; kc. dunung.
padupan: kn. wadhah (anglo) pangobongan dupa.
paduraksa, padurêksa: êngg. ak. pojoking omah kang jaba.
padusan: kn. 1 (pasiraman ki) papan (sêndhang lsp) kang dianggo adus; 2 dina ngarêpake pasa (padha adus, rêrêsik); kc. adus, dus.
paduwan: kn. kc. paduhan.
padon: I n. pabênan k. kc. padu. II kn: pojok.
padon-rêksa:(-rêsa) êngg. ak: pojoking omah kang jaba.
pados: k. golèk.
padwan: kw. padon.
padya: kw. ak. banyu, wisuhan.
padyut: kw. ak. obor, colok, diyan.
paja: ora [x]-[x] pc. ora ... babar pisan.
pajagan: n. pajagèn k. omah dianggo jaga.
pajagrama: êngg. ora paja-paja.
pajakrama: êngg. ora paja-paja.
pajal-ulihan: kn. ak. bali manèh (marang asale, panggonane).
pajalêran: k. palanangan.
pajamuka: kw. ora paja-paja.
(pajang): I di-[x] kn. dirêngga-rêngga (supaya katona asri); [x]-an: 1 rêrênggan (ing omah lsp); 2 êngg. ak. sênthong têngah (paturon); 3 (ut. pajang-pasisiran) ak. nglakoni ayahan nêgara mênyang sajabaning kutha. II (sapi) [x]-an êngg: sapi lanang kang dipurih nurunake; kc. wajang.
pajar: I (A) kn. 1 wayah bangun esuk; 2 êngg. padhang, rêsik; di-[x]-i êngg: dipadhangi. II êngg. k. kandha; dipun-[x]-i êngg. k: dikandhani; dipun-[x]-akên êngg. k: dikandhakake.
pajaratan: êngg. ak. kuburan.
pajar-jêro: (-gidib, -irêng) kn. wayah ngarêpake bangun esuk.
pajar-santun: êngg. k. padhang bulan.
pajar-sidik: kn. bangun esuk.
pajar-surya: êngg. k. padhang bulan.
pajatan: êngg. kn. kêndhurèn slamêtan ing desa.
pajêg: I kn. ak. 1 jêjêg; 2 ajêg; [x]-an êngg: tumpukan bantal (ing paturon, dianggo rêrênggan). II n. paos k: 1 dhuwit pundhutaning nêgara; 2 ak. dhuwit pasewaning lêmah kang kabayarake marang lurah patuh; [x] bumi(-sawah, -têgal, -desa): pajêg palêmahan (landrêntê); [x] pomahan: pajêging pakarangan kang didunungi; [x]-sirah(-kêpala): pajêging wong kang baku; di-[x]-i: dibayari pajêge. III di-[x]-i êngg. kn: diêkon ngênèni kang buruh nandur (kanthi bawon); [x]-an êngg: bawon marang wong kang buruh nandur.
pajêksan: kn. omah (kantor) jêksa.
pajêng: k. 1 payu; 2 êngg. payon; 3 êngg. payung; 4 êngg. paju.
pajêrat: êngg. kn. pacêklik, pailan.
paju: kn. wêsi (kayu) gèpèng dianggo mbiyak sigaring kayu; di-[x]: dibyarake nganggo paju.

pajung: kn. ar. iwak loh.
paju-pat:(-têlu) ak. maju-pat(-têlu).
pajut: kw. diyan, colok, pêpadhang.
padha: n. sami k. 1 tunggal (trêp) kaanane; 2 ([x] karo) ora beda karo; 3 kanggo panêrang [panê...]
--- 456 ---
[...rang]
nelakake akèh, up. padha mangan sêga: [x] dene n. sami dening k: 1 padha kaanane (bangête lsp) karo; 2 timbang, padha; [x] mayan êngg: dumadakan, ing nalika iku banjur; [x] sadhela n. sami sakêdhap k: sanalika iku uga; [x] sanalika(-sakala br): ing nalika iku uga; pêpadha n. sêsami k: kang padha karo (pangkate, kaanane, uripe); [x]-[x]: 1 ora ana bedane (kacèke); 2 timbang, padha wangsulane (kaanane lsp); di-[x]: digawe padha karo; dipadhani: 1 dikêmbari padha karo; 2 ak. ditimbangi, ditandhing;[1] dipadhakake: dianggêp (diarani, digawe) padha karo, diupamakake padha karo (kaya); kc. kêpadhan.
padhahi ~ paguyon.
padhahi: kw. ak. têtabuhan gamêlan.
padhak: I êngg. kn. papan dianggo gawe uyah. II madhak kw: marak, nyêdhak; ing [x]-an ak: ing papan kang cêdhak (adhakan).
padhalangan: kn. kawruh (kagunan, crita lsp) kang gêgayutan karo dhalang ing wayang.
padhang: I kn. 1 ora pêtêng; 2 êngg. wis dibabadi (tmr. palêmahan); 3 ak. rêsik, tanpa was-sumêlang; 4 pc. têrang, cêtha (tmr. pangêrti, prakara, pandêlêng); 5 ([x] atine, [x] langite) ora sêdhih, katon sênêng; [x] bulan(-sasi) n. [x] wulan k: pinuju rêmbulan nêrangi alam; wêruh [x] hawa: lair (mêtu saka ing guwa-garba); pêpadhang: apa-apa kang njalari padhang; di-[x]-i: disoroti supaya padhang; di-[x]-ake atine(-pikire): dilipur supaya mari susah, ditêrangake supaya mangêrti. II di-[x] êngg: dipangan; [x]-an êngg: panganan.
(padhar): di-[x] êngg. kn. dipepe ana ing sawah (tmr. pari kang mêntas diênèni).
padharan: ki. wêtêng.
padhas: kn. lêmah kang atos saèm. watu; [x] blêndhi, [x] kapur, [x] krokos, [x] pasir, [x] lêmpung: bngs. padhas sing êmpuk; [x] karang, [x] curi: padhas kang atos ing sêgara (pasisir, gunung).
padhas-pèrèng: êngg. pc: pamêtu mirunggan.
padhati: n. padhatos k. êngg. bngs. grobag.
padhawangan: kn. ak. bngs. bulus gêdhe: bêdhawangan.
padhe: tan [x] kw. ak. ora padha karo.
padhepokan: kw. papan patapan; kc. dhepok.
padhêk: êngg. kn. cêdhak.
padhêm: êngg. k. pati, mati; dipun-[x]-i êngg. k: dipatèni.
padhêpan: ing [x] êngg: ingarêpan.
padhêt: kn. têtêl bangêt (kaya upamane lêmah diênêt-ênêt).
padhidhing: kn. ak. mangsa adhêm; kc. bêdhidhing.
padhiyan: kn. ak. bêdhiyang.

padhilan: sapi [x] êngg. sapi pajangan.
padhung: êngg. kn. bngs. dhingklik kayu.
padho: kn. layar ngarêp kang kapindho (prau layar).
padhola mangambak-ambak: kw. orêg gonjing (tmr. bumi).
pae: êngg. ak. beda, seje; ora(tan) [x] ak: ora beda.
paedah: kn. piguna; maedahi: migunani, ana gunane.
(paeka): di-[x](-ni) kn. diapusi (dipialani) sarana krenah; paekan ak: krenah, rêrekan dianggo mialani.
paelan: êngg. kn. pacêklik (larang pangan).
(paèlu): di-[x] kn. digatèkake, diturut.
paèran: kw. padusan.
paès: (ut. pêpaès) kn. ak. 1 rêrênggan; 2 rêrênggan gambaran ing bathuk (tmr. pangantèn lsp); 3 macak (rambut ut. rai); 4 ent. samudana; di-[x]-i: 1 ak. dirêngga, dipacak; 2 dikêrik sinome lan alise, banjur dipidih diêtrapi cênthung (tmr. pangantèn wadon).
paèsan: I kn. 1 pacakaning bathuk kang dipaèsi; 2 (kaca [x]) ak. bngs. pangilon dianggo ngilo yèn pinuju dandan; kc. paès. II êngg. kn: maesan, maejan.
paèstrèn: kn. ak. sawah ing têpining kali; kc. pawèstri.
paethe: êngg. kn. pacêklik, larang pangan.
paewahan: k. ak. paowahan (owah-owahan).
paga: kn. saèm lincak. sungsun-sungsun dianggo wadhah abrag pawon.
pagajagan: kn. ak. kasar-kasaran, groboh.
pagajih: kn. ak. palêmahan walêd (saka ing kali).
pagadhean:(pagadhèn ak.) n. pagantosan k. papan nampani barang kang digadhèkake.
pagagan:(pagagèn êngg. k) kn. palêmahan kang ditanduri pari gaga.
pagah: kw. panggah.
pagak: kn. ak. pogogan pang; kc. magak, pragak.
pagandhangan: êngg. kn. têmbang; kc. gandhang.
(pagang): di-[x] êngg. kn. diadhang.
pagas: ut. di-[x] kn. dipancas pucuke (tmr. pang lsp); [x] sarat br: ngiris gulu minangka tandha sêtya; [x]-an: pancasan.
pagègèran: kn. ak. dahuru, gègèr.
pagemu: êngg. ya gene, sêbab apa.
pagêblug: kn. ngungsum lêlara nular.
pagêdhongan: kn. 1 critaning dhalang nalikane wayange durung dipitongtonake; 2 ent. pêpakêm, paugêran.
pagêh: kw. panggah, kukuh, sêntosa.
pagêlaran: kn. paseban ing sitinggil.
pagêr: kn. 1 aling-aling ut. êlêt-êlêting pakarangan (têtanduran lsp); 2 ([x] gêdhèg) gêdhèg dianggo mbrukuti omah; [x] bata (-banon k), [x] tembok: pagêr kang digawe bata; [x] wayang: pagêr ing padesan; [x] salira br: ora pasah ing gêgaman; [x] mangan tandur pr: dipracaya rumêksa, malah ngrusak (nganggo) rêrêksane; ungak-ungak [x] arang pr: nêdya njajagi kapintêran ut. kasugihaning liyan; kêpêngkok [x]

suru pr: kêna ing rêribêd ut. pakewuh; ngrusak [x] ayu pr: ndhêmêni bojoning liyan; di-[x]-i: dipasangi (ditrapi, dialing-alingi) ing pagêr; kc. magêr.
pagêring: kn. ak. pagêblug.
pagir: êngg. kn. gigiring gunung.
paguyuban: êngg. kn. pirukunan, pakumpulan.
paguyon: n. pagujêngan k. ak. gêguyon; kc. guyu.
--- 457 ---
pagulingan ~ pak.
pagulingan: kw. paturon.
pagunêman: n. paginêman k. gunêman, pacalathon; kc. gunêm.
pagunungan: n. parêdèn k. palêmahan kang akèh gununge.
pagupon: kn. ak. gupon (omah dara).
paguron: kn. 1 piwulang (babagan kasampurnaning urip); 2 panggonaning guru; kc. guru.
pagustèn: êngg. kn. sêsêbutaning bupati ngamanca; kc. gusti.
pagut: I kw. têmpuk, pêthuk, têmpuh; 2 êngg. tumêka ing umur sêlapan dina (tmr. tandur, winih pari); di-[x] kw: ditêmpuh, dipêthuk(-ake); kc. magut.
pago: êngg. kn. bngs. dhingklik.
(pagol): di-[x]-i kn. diêgol-êgoli (dialang-alangi, diênggrêg-ênggrêgi) lakune; di-[x]-ake: dikênakake ing apa-apa supaya ora mlèsèd (ora têrus lakune); [x]-an: apa-apa kang magoli (ent. alangan, rêribêd).
pagon: kn. 1 êngg. têtêp, kukuh, kêncêng; 2 ak. sanggan (ganjêl) kang kukuh; di-[x]-i êngg: ditêtêpake, disanggêmi; kc. magon.
pagongan: kn. ak. papan gamêlan (nalikane ditabuh); kc. gong.
pagowong: kn. pêtêng ing wayah awan (marga grahana).
pagriyan: k. ak. pomahan.
pahal: êngg. ak. pagawean, panguripan.
pahala: kw. piguna, paedah, ganjaran.
paham: êngg. pc. 1 ngêrti bangêt marang salah sawijining bab; 2 panêmu, pangêrti; di-[x]-ake êngg. pc. dingêrtèkake têmênan.
pahambanan: kw . pangabdi, pangawula; kc. hamba.
(pahat): I di-[x] êngg. kn. didèrès, ditêrês dijupuk banyune (tmr. oyod lsp). II di-[x] kn: dipupulake dadi barang cuwèr (tmr. uwab, gawe lênga wangi); [x]-an: olèh-olèhane mahat, wis dipahat.
pahêman: kw. 1 pirêmbugan; 2 gêgolonganing wong kang padha awèh rêmbug.
pahim: êngg. k. paham.
pahyas: kw. paès.
pahuman: kw. 1 sanggar palanggatan; 2 pakumpulan.
pai: êngg. pc. beda; kc. pae.
(paibên): k. paido.
paidah: kn. ak. piguna; kc. paedah.
(paido): di-[x] n. dipunpaibên k: 1 ora diandêl (kandhane, omonge); 2 êngg. pc. disrêngêni, disalahake.
paidon: kn. (pa-)kêcohan ki. wadhah idu; kc. idu.

paila: êngg. kn. pacêklik (larang pangan).
pailan: kn. ak. pacêklik (larang pangan).
pailit: pc. jatuh (tmr. dêdagangan lsp).
paimpunan: kw. paklumpukan; kc. impun.
paing: kn. ar. dina pasaran kang kalima.
paingan: êngg. kn. têrang bangêt, mêsthi.
pait: I kn. 1 rasa kaya dene rasaning bratawali; 2 ar. inuman kêras (jênèwêr); 3 ([x] wèwèh) ora loma, angèl dijêjaluki; 4 pc. ora enak, ora nyênêngake. II di-[x]-i kn: dipawiti (diwènèhi pawitan); [x]-an: pawitan.
pait-juruh: (-gula, -kilang, -madu) kn. lêgi (manis) bangêt.
pait-gêtir: kn. ak. rêkasa, kangelan (prakara sing ora nyênêngake).
paya: I kw. sarana; di-[x] ak: digolèki; kc. upaya. II (S) kw. ak: banyu.
payadan: kn. ak. pawadan.
payah: êngg. kn. 1 salah, kêsêl bangêt; 2 pc. rêkasa, angèl.
payang: kn. 1 (jaring [x]) bngs. jaring gêdhe; 2 (prau [x], payangan ar. prau rada gêdhe dianggo misaya iwak ana ing sêgara; kc. mayang.
payu: I n. pajêng k. 1 wis dituku (ent. wis ana kang gêlêm ngêpèk bojo tmr. prawan); 2 diêdol kanthi rêga ...; 3 kêna dilirokake (ditukokake) tmr. dhuwit; 4 pc. akèh kang nggugu (ngandêl, nganggo lsp) tmr. rêmbug, panêmu; dipayokake: diêdol, diijolake supaya payu (tmr. dhuwit palsu); kc. payon. II di-[x] n. dipunpajêng k. êngg: ditrapi payon; kc. payon.
payudan: kw. papêrangan; kc. yuda.
payudara: kw. susu.
(payung): di-[x]-ake kn. ak. rada didhoyongake; kc. mayug.
payun: kw. ak. payon.
payunan: êngg. ak. bandulan; kc. iyun, yun.
payung: kn. songsong ki. eyub-eyub udan (panas) kêna diêgarake lan diingkupake; di-[x]-i: diaubi ing payung; 2 diayomi, dijangkung; [x]-an: 1 (ut. pêpayungan) nganggo payung; 2 motha diemba payung dianggo anjlog saka ing balon lsp.
payung agung: kn. payung gêdhe nganggo dikrodhongi ing jingga lsp. (klêbu upacara).
payung bèbèk: kn. eyub-eyub kang digawe blarak diênam kawangun bundêr mawa cagak siji.
payung kalong: (-lawa, -motha) kn. payung kang digawe bngs. motha (lumrahe irêng).
payung sungsun: kn. payung kang sungsun têlu ut. luwih (klêbu upacara).
payung cina: kn. payung kang digawe dluwang dilapis ing bngs. lênga.
payus: kn. pucêt kurang caya.
payo: êngg. ak. ayo!; mèlu [x]-[x] pc: mung mèlu ombyak ing akèh; nèk ana [x]-[x] pc: nèk ana apa-apa.
payodara: (S) kw. susu.
payoman: kw. 1 papan kang eyub; 2 pangayoman, pangauban.

payon: I n. pajêngan k. dagangane payu; kc. payu. II kn: krakab tutuping omah (kang digawe atêp, gêndhèng lsp); kc. payu.
payowaha: (S) kw. ak. mêndhung
pak: I pc. 1 bapa, bapak; 2 panyêluk marang wong lanang kang rada asor pangkate; [x] gêdhe êngg. 1 êmbah lanang; 2 uwa lanang; [x] cilik ([x] alit k): paman; [x] tuwa ([x] sêpuh k) êngg: uwa lanang. II di-[x] kn: 1 diêpuk-êpuk, ditêpak- [ditêpak...]
--- 458 ---
[...-] têpak; 2 dirèmèhake, diina; kc. pak-pak. III pc: buntêlan, bêngkêkan dhus lsp; di-[x](-i): dibuntêli, dibêngkêki (tmr. dhus lsp). IV ([x] apyun, [x] gadhe) kn. ak: majêgi marang nêgara supaya kêna adol apyun ut. bukak gadhean; di-[x]: 1 dipajêki; 2 ditêbas, diborong.
pakabaran ~ pakra.
pakabaran: kn. pawarta; kc. kabar.
pakah: kn. mawa pang ut. cawang (tmr. lajêring wit); kc. makah.
pakakas: kn. ak. piranti-piranti; kc. bêkakas.
pakakèn: kn. 1 ak. sikilan diyan ut. lilin; 2 ukuran dawa wêwaton kaki; kc. kaki.
pakal: I êngg. kn. dhêmpul, kruwing lsp. kang dianggo nyumpêt bolongan (rênggangan) ing prau; di-[x] êngg: disumpêt (didhêmpul, dikruwing). II êngg. kn: panggaotan, pagawean.
pakan:(-an) kn. 1 pangan ut. ingon (tmr. kewan); 2 apa-apa sing dilêbokake ing (gêni, gilingan lsp); 3 kang dipasangake supaya dipangan (tmr. pancing lsp); 4 kang dianggo isèn-isèn malang (tmr. tênunan, nam-naman); di-[x]-i: 1 diwènèhi pakan, diingoni; 2 dilêboni pakan; dipakakake: 1 diwènèhake supaya dipangan; 2 dilêbokake ing (gêni, tênunan, nam-naman).
pakang: êngg. kn. pang gêdhe.
pakangkang: pating [x] kn. ak. padha tiba pating gloso.
pakangsal: k. ak. pakolèh.
pakaulan: kn. papan dianggo ngluwari ujar (kaul).
pakardi, pakaryan, pakarti: kw. panggawe, pagawean.
pakarangan: (pakawisan êngg. k.) kn. pomahan, palêmahan kang diênggoni.
pakarêman: kn. kang dikarêmi bangêt; kc. karêm.
pakatul: kn. ak. (bê-)katul.
pakathik: êngg. kn. batur (tukang nuntun jaran).
(pake): dipakèhi kn. 1 ditrapi abah-abah (tmr. jaran); 2 pc. diênggoni; [x]-an (pakeyan): 1 sandhangan cara Eropah (clana karo jas); 2 abah-abah jaran.
pakèhan, pakeyan: kn. (ing) kumpulan wong akèh.
(pakèkèh): di-[x]-ake kn. dijangkahake nisih (tmr. sikil); kc. pèkèh.
pakèl: I kn. 1 bngs. pêlêm; 2 êngg. pêlêm ênom. II êngg. kn: kèlèk.
pakeling: kw. eling.
pakèn: k. pakon.
(pakèngkèng): di-[x]-ake kn. ak. dibênggang sikile.
pakering: kn. ak. ering, wêdi urmat; di-[x]-i ak: diwêdèni, dieringi.

pakewuh: n. pakèwêd k. 1 rêribêd, alangan: 2 apa-apa sing njalari rêkasa (kangelan); 3 nandhang ribêd, ewuhaya; 4 nandhang kangelan (rêkasa); di-[x]-i: diribêdi, dialang-alangi; kc. ewuh.
pakêbonan: kn. palêmahan jêmbar ditanduri wit-witan.
pakêh: kw. ak. paku, ugêr-ugêr.
pakêkêran: kn. ak. papan kang disinggêt (dikêkêr); kc. kêkêr.
pakêm: kn. layang wêwaton (crita padhalangan, anggêr-anggêr lsp); di-[x]-i: dicathêti (didadèkake wêwaton); kc. makêm.
pakên: êngg. k. paku.
pakêna: kw. ak. piranti, sarana.
pakênira: kn. ak. kowe (ratu marang kawula), kowe (basa kêdhaton).
pakênêng: pating [x] kn. padha kêncêng otote; kc. bêkênêng.
pakêpêl: êngg. ak. (panganan lsp) pawèwèh marang dhêdhuwuran (ing nalikane slamêtan desa lsp).
pakêrti: kw. 1 panggawe, pagawean; 2 watak.
pakêcapan: kn. caraning ngucapake wanda ut. têmbung.
pakêcohan: ki. paidon.
pak gadhe: êngg. kn. pagadhean.
pak glèdhèg: êngg. kn. bngs. grobag.
pakhis, pakès: (W) êngg. pc. gudhang uyah.
pakinangan: kn. wadhah kinang.
pakir: kn. pandhita ngêmis; kc. fakir, pêkir.
pakis: kn. ar. têtuwuhan.
pakis-aji: kn. ar. têtuwuhan bangsa pakis.
pakiwan: kn. panguyuhan (W. C.).
pakiwèn: êngg. k. pakuwon.
paklaring: n. paklantun k. êngg. layang katêrangan.
paklèkèk: kn. ak. pajêg nyêmbêlèh rajakaya.
paku: kn. bngs. pantèk ut. sindik cilik kang digawe wêsi ut. kuningan, dene arane; [x] jamur, [x] idêp, [x] kêling, [x] rèng lsp; di-[x], dipakoni: dipantèk nganggo paku.
pakuburan: kn. jaratan; kc. kubur.
pakudhung: kn. ak. layang turunan piagêm, pêpancasing pangadilan lsp.
pakulèn: kn. sawah darbèking desa (umum); kc. kuli.
pakundhèn: kn. panggonan gawe grabah; kc. kundhi.
pakuncèn: kn. omahe (panggonane) juru-kunci.
pakungkung,: [x] kn. padha sumèlèh mbêngkêluk gêgêre.
pakupon: pc. gupon.
pakurmatan: kn. pratandhaning ngajèni (ngurmati); kc. kurmat.
pakuwon: êngg. ak. 1 palêrêban ing sawêtara mangsa; 2 omah ut. palêmahaning kuwu (lurah desa); kc. kuwu.
pakojan: kn. kampung koja.
pakolèh: (pakolih êngg) n. pikantuk k. 1 ak. olèh, entuk; 2 oleh-olehan, katêmahane; 3 ana gunane, bisa olèh; 4 mapan bangêt. cocog (pantês); kc. olèh.

pakon: n pakèn k. dhawuh ki. pituduh supaya nindakake; kc. akon, kon.
pakongkong: pating [x] kn. padha linggih (ngadêg) mbêngkuk.
pakopèn: kn. kêbon (tanduran) kopi.
(pak-pak): di-[x] kn. 1 ditêpak-têpak (êndhase); 2 dirèmèhake, jina.
pak-pakan: pc. lurahing palanyahan; kc. bapak, pak.
pakra: ora [x] pc. ora mèmpêr (aji, -apik).
--- 459 ---
paksa ~ palilah.
paksa: I kn. ak. panjilat; kc. pêksa. II (S) kw. ak: paro, sisih, iringan, swiwi; cs. 2.
paksama: (upaksama) kw. ak. pangapura.
paksi: I êngg. k. ak. manuk. II (upaksa) kw. ak; wêruh.
pak siyêr: êngg. kn. bngs. dhokar.
pakta: êngg. kn. uwa (lanang).
pal: I di-[x] kn. 1 ak. diwêca (sarana petungan kêrtu lsp); 2 pc. dipêthèk, mêsthi ora bisa, diina. II kn: ukuran dawa (1507 m).
pala: I (S) kw. 1 woh; 2 ent. piguna, pakolèh, lêlabuhan. II kn: ar. woh sarta wite (dianggo bumbon crakèn). III di-[x] kn. ak: digitiki, digêbugi.
palabuhan: kn. papan kang dianggo labuh prau.
pladèn: kn. tukang ngladèni (ing nalikane pista lsp).
paladhu, paladho: êngg. kn. 1 mangsa ungsum banjir; 2 mangsa rêrêgan mudhun; kc. ladhu.
palagan: kw. papêrangan; kc. laga.
palagara: êngg. ak. pawèwèh marang lurah (dhêdhuwuran) ing nalikane mantu lsp.
pala-gumantung: (-kirna) kn. woh-wohan kang gumandhul ing wit.
palairan: kn. ak. cathêtan bab lair.
palak, palakiyah: (ngèlmu [x]) ngèlmu palintangan.
palakarta: kw. ak. rampung.
palakêrti: kw. prabot-prabot, uba-rampe.
pala-kêpêndhêm: kn. wowohan sing kêpêndhêm ing lêmah (tela lsp).
pala-kêsimpar: kn. wowohan kang wite rumambat (bêsusu, timun lsp).
(palaki): dipalakèkake kn. ak. dilakèkake (diomah-omahake).
palakitri: kn. ak. woh ut. têtanduran ing pakarangan.
palaku: I êngg. ak. 1 gêbayan ing desa; 2 wong kang dianggo kongkonan; 3 opahane wong kang dikongkon. II (n. palampah k) kw: panjaluk; kc. laku.
pala-krama: (-krami) kw. 1 pakurmatan, taklim; 2 bêbojoan, rabi (laki).
palal: (A) kn. ak. kamurahan ut. sih (ing Allah).
palamarta: kw. wêlas-asih bêbudène.
palambang: kn. ak. pralambang.
palana: kn. ak; lapak gajah.
palanangan: n. pajalêran k. kalam ki. wêwadining wong lanang.
palandan: n. palandèn k. ak. palêmahan; kc. landa.
palandang: êngg. kn. juru ladèn pangantèn (ut. nayuban).

palang: kn. 1 kayu (pring lsp) kang malang; 2 (ut. palangan) ak. peranganing krêtêg (kursi lsp) kang dianggo cêkêlan ut. lendheyan tangan; 3 (ut. pêpalang, palangan) ak. alangan, rêribêd; 4 êngg. ak. sêsêbutaning glondhong (lurahing lurah); 5 êngg. sêsêbutaning pulisi desa; di-[x]-i: 1 dipasangi (didèkèki, ditrapi) palang; 2 ak. dicandhêt, dipênggak; di-[x]-ake ak: dialangake; kc. alang, malang, kêpalang.
palanggaran: kn. babagan nêrak anggêr-anggêr; kc. langgar.
palanggatan: kw. sênthong (pamujan lsp).
palaur: kn. ak. plaur.
palapuran: kn. 1 katêrangan katur marang pulisi (panggêdhe); 2 andharan (cathêtan) prakara kang dirêmbug (ing pakumpulan lsp); 3 katêrangan bab wêwijangan panganggoning dhuwit lsp; kc. lapur.
(palar): di-[x] êngg. ak. 1 dijupuk sarta dianggo (tmr. wiji); 2 dijaluk; di-[x]-i ak: dijaluki tulung.
palar-pinulir: kn. ak. tulung-tinulung.
palara-lara: kn. ak; 1 para nyai isih ênom (ing kraton); 2 sêlir kang durung diningkah.
palarapan: kw. bathuk; kc. larap.
palarasan: kw. (lunga) dhêdhêmitan; kc. laras.
palastra: kw. mati.
palastha, palêstha: kw. 1 rampung; 2 êntèk.
palacidra: kw. ora tuhu, cidra.
pala-wija: I kn. 1 tanêm-tuwuh kang ditandur ing sawah (têgal) saliyane pari; 2 ak. pisungsung marang ratu wujud wowohan, têtuwuhan, bêkakak, sajèn lsp. II kn: abdi-dalêm kalangênan wujud wong-wong kang cacad. kyt. picak, bucu, bêngkuk lsp.
paljayan: êngg. kn. palonthèn.
lalèlèr[2] : êngg. ak. pawèwèh marang batur wujud sandhangan.
palèn: êngg. kn. bakul(-an) klithikan.
palèran: kn. 1 ak. lêlapisan kang jumèrèng; 2 êngg. leleran (sawah kang wis kari nanduri); kc. lèr.
palèrènan: n. pakèndêlan k. papan kang dianggo lèrèn; kc. lèrèn.
palêm: (W) kn. 1 ar. têtuwuhan ut. wit bngs. krambil kang cilik-cilik dianggo tamanan; 2 ak. 1 dm.
palêmahan: n. pasitèn k. 1 (wujud, jinis) lêmah; 2 êngg. pakarangan, lêmah kang jêmbar; kc. lêmah.
palêng: êngg. kn. lara ngêlu.
palênggahan: k. palinggihan.
palêson: kn. ak. papan dianggo ngaso (têturon); kc. lêso, lêson.
palêstrèn: kn. ak. paèstrèn.
palêstha: kw. 1 rampung; 2 êntèk.
pali, pêpali: kn. ak. larangan (pêpacuh) saka wong tuwa-tuwa turun-tumurun; jarit [x]: jarit lurik ciyut corake malang sok dianggo sarat sarana ut. uba-rampening sasrahan.
palibaya: kw. sanak (uga dianggo atêgês kowe).
palih: k. paro.
palihan, paliyan: sêdulur [x] ak. sêdulur tunggal susu.

(palihara): di-[x] kw. ak. disikara, diganggu, ditêmpuh.
paliyas:(-an) kw. panulak.
palikrama: kw. pakurmatan, taklim; kc. palakrama.
palilah: kn. idin.
--- 460 ---
paliman ~ pambêdhil.
paliman: br. pangapura; kc. alim.
palimarma, palimirma: kw. sih kawêlasan, wêlas marang; di-[x]: diwêlasi, dipurih bêcik; kc. pirma.
palimêngan: kw. pêpêtêng, papan kang pêtêng; kc. limêng.
palimunan: kw. pangilangan, ora katon.
palindhukan: kn. ak; papan pandhêlikan; kc. lindhuk.
palindhungan: kn. ak; pangungsèn, pangayoman.
palintangan: kn. (ngèlmu [x]) kawruh babagan lintang-lintang.
paling: êngg. kn. pangling.
palinggihan: kn. papan kang dianggo linggih.
(palir): di-[x] kn. dikêruk (didokoki cluwokan) nggalur; [x](-an): lêgokan dawa, cluwokan dawa.
paliran: êngg. kn. dalan cilik.
paliwara: 1 kw. pawongan, cèthi; 2 kw. kongkonan, pawarta; 3 êngg. ak. kongkonan, pulisi.
palyas: kw. panulak; kc. paliyas(-an).
palu: kn. gandhèn wêsi (pukul bêsi); tapak [x]-ning pandhe br: gêgaman; di-[x]: dithuthuk ing palu;palon: kang wis (ênggone) malu.
palud: kn. bngs. kayu gabus.
palujêngan: êngg. k. basuki.
palugon: 1 kw. pêrang, papêrangan; 2 kn. ar. têmbang têngahan.
paluh: êngg. kn. blêthokan, jêblongan; [x]-an êngg. palêmahan walêd (ing pasisir).
palulusan: kn. ak; palilah; kc. lulus.
palung: kn. ar. iwak sêgara; cangkêm [x] ks: drêmba, dhêmên mêmangan.
palungan: n. pakesahan k. ak. lungan, lêlungan; kc. lunga.
palungguh: n. palênggah k. ak. (sang [x]) pandhita, ajar.
palungguhan: n. palênggahan k. êngg. palinggihan.
palupi: kw. 1 pola, tuladha; 2 layang, tulisan.
palupu: kw. ak. kidung, rêrêpèn.
paluruhan: êngg. kn. pawuhan.
paluwanu, palowanu: kw. dhampar.
paloncèngan: kn. jagragan (mênara lsp) panggonan loncèng.
palonthèn: kn. panggonan lonthe.
palsu: (ut. palson) kn. dudu sing tulèn (lmr. tmr. dhuwit); di-[x]: dilironi (disêdul lsp) kang tiron.
palwa: kw. prau.
palwaga: kw. kêthèk.
palwa-udara: kn. ak. kapal mabur.
pama: pc. upama.

pamade: I k. ak. pangêdol. II (ut. pamadya) kw: panêngah; kc. madya.
pamajêgan: n. pamaosan k. ak. palêmahan kang disewa (dipajêgi); kc. pajêg.
pamajikan: êngg. kn. lêlurah (kang mènèhi pagawean).
pamagangan: kn. 1 êngg. papan pêtêmpukaning wong dol-tinuku (ing pinggir dalan); 2 pasebaning para magang (ing kraton).
(pamah): di-[x] kn. digilut ki. ak. dimamah; kc. mamah.
pamahatan: kn. piranti (tukang) mahat.
pamahyan: kw. wêtuning (-ginêm lsp); kc. wahya.
pamayangan: êngg. kn. bngs. prau dianggo misaya iwak ing sêgara; kc. payang.
pamayung: kn. ak. tukang mayungi (nggawa payung).
pamalêm: kn. ak. pawèwèh saka bêkêl marang lurah patuh ing mangsa pasa.
pamalês: kn. ênggone malês, wêwalês; kc. walês.
pamali: kn. ak. pêpali; kc. pali.
pamalik rai: kn. ak; bngs. pajêg (pawèwèh) marang wong kang nyewakake lêmah ing nalikane ana owah-owahan.
pamaling: n. pamandung k. ak. prakara colong-jupuk.
paman: kn. 1 êngg. adhining bapa ut. biyung (pak cilik); 2 ak. panyêbut marang wong kang rada asor pangkate sarta umur-umurane satêngah umur.
pamanah:(-an) k. pamikir.
pamanjang: k. pandakwa.
pamancak: jago(jaran) [x]. jago (jaran) kang dipurih turune.
pamancal: kn. ak; dhuwit kawènèhake marang wong wadon nalikane arêp dipêgat; kc. pacal.
pamancana: kw. panggodha, pangrenah; kc. bancana.
pamangan: n. panêdha k. ênggone mangan; kc. pangan.
pamanggih: k. panêmu.
pamara: kn. 1 ênggone mara (mbage); 2 cacah kang dianggo mara; kc. para.
pamardi: kn. ênggone mardi, panggulawênthah; kc. pardi, pêrdi.
pamarentah: kn. kang marentah nêgara, gupêrmèn.
pamarsudi: kn. pangudi.
pamarta: kw. kang agawe rahayu slamêt (Sang Kristus).
pamasa, pamase: kw. ratu.
pamasaran: kw. ak. kuburan.
pamatungan: êngg. kn. patikèn (pacandon); kc. patung.
pamawang: kn. ak. pamikir, pangira; kc. wawang.
pamawas: kn. pandêlêng, panêmu; kc. wawas.
pambage: kn. ênggone mbage; kc. bage.
pambagya: kw. 1 pambage; 2 ênggone mbagèkake, pakurmatan.
pambayun: kw. 1 pambarêp; 2 susu.
pambalang: kn. 1 ênggone mbalang; 2 (sa-[x]) dohe padha karo tibaning watu kang dibalangake.
pambadharan: kn. ak; pabeyan (ing plabuhan).

pambantu: kn. wong kang (ut. ênggone) mbantu.
pambaon: kn. kayu palang panggantungan layar (ing prau); kc. bau.
pambarêp: n. pambajêng k. kang dhisik dhewe (ênggone lair).
pambêdhil: kn. 1 anggone mbêdhil; 2 (sa-[x]) dohe padha karo tibaning mimis kang dibêdhilake.
--- 461 ---
pambêkan ~ pamulang.
pambêkan: kn. 1 watak, bêbudèn; 2 êngg. umuk, sêngguh; kc. ambêk.
pambêkta: k. panggawa.
pambêlah: kn. tukang mêlahi, tukang nyabrangake; kc. bêlah.
pambêng: k. alangan; dipun-[x]-i k: 1 dialang-alangi; 2 dipalangi; [x]-an k: 1 alangan; 2 êngg. lagi nggarap sari.
pambêsmèn: k. pangobongan.
pambêsmi: k. pangobong.
pambudi: kn. 1 pangêrti, bêbudèn; 2 ênggone ngudi; kc. budi.
pambuntut, pambontot: êngg. kn. wuragil; kc. buntut, bontot.
pamburi: n. pawingking k. 1 ak. kang dumunung ing buri (rada asor pêpangkatane); 2 ([x]-ne) têmahane, kang bakal kêlakon ing têmbe; kc. buri.
pambuwangan: n. pambucalan k. 1 papan dianggo mbuwang rêrêgêd lsp; 2 pawuhan; 3 papan dianggo ngukum wong kang dibuwang; kc. buwang.
pamedan: kw. palataran, alun-alun.
pamèk: kn. golèk; kakehan [x] pc: kakehan lêlewa (panjaluk).
pamemean: êngg. pamepean kn. papan lsp. kang dianggo mepe; kc. pe, pepe.
pamèr: kn. mitongtonake (ngumukake) kabagusane ut. barang panganggone; di-[x]-i: dituduhi barang lsp. kang bêcik (anèh); di-[x]-ake: dipitongtonake (diumukake) marang; [x]-an: apa-apa kang dipamèrake, sandhangan kang dianggo yèn pinuju ana gawe.
pamèsêm: kn. ak; èsêm.
pamètan: êngg. kn. ilèn-ilèn banyu.
pamêdal: k. pamêtu.
pamêgat: kn. ak. (layang [x]) layang pêgat (talak).
pamêkak: kn. ak. 1 ênggone mêkak; 2 bngs. sabuk dianggo ningsêtake bangkekan; kc. pêkak.
pamêkas: kn. ak. 1 (ut. pamêling) wêlingan, wêkasan; 2 kang kari (ênom) dhewe; kc. wêkas.
pamêksa: kn. (layang [x]) layang mratelakake kudu mbayar pajêg; kc. pêksa.
pamêksi, pamêsi: kn. dhuwit kawènèhake marang wong kang duwe hak lêmah (ut. desa) supaya olèh wêwênang nganggo palêmahan mau.
pamêlikan: kn. lêmah kang didhudhuki dijupuki pêlikane; kc. pêlik.
pamêncana: kw. panggodha.
pamênthangan: kn. 1 pring ut. kayu kang dianggo mênthang; 2 salib; kc. pênthang.
pamênggak: kn. larangan; kc. pênggak.

pamêngkang: kn. 1 ak. lêlowahan, antara; 2 êngg. pakarangan kang ditanduri; 3 dalan ing kiwa têngêne sitinggil; kc. wêngkang.
pamêngku: kn. kasabaran; kc. wêngku.
pamêsthi:(-an) kn. ak. bagean, buruhan (opahan); kc. pêsthi.
pamêtara: n. pamêtawis k. pangira-ira; kc. watara.
pamêtêngan: êngg. kn. ak. jaga malêm, pulisi; kc. pêtêng.
pamêtu: n. pamêdal k (pamijil, pamiyos k. ak): 1 wulu wêtuning palêmahan; 2 dhuwit olèh-olèhane nyambut-gawe; kc. wêtu.
pami: k. pc. upami.
pamiarsa: kw. pangrungu; kc. piarsa.
pamidikan: kw. langgar, papan sêmadi; kc. padik, widik.
pamijèn: kn. kang dipiji ut. dipijèkake kanggo; kc. piji.
pamidhangan: I kw. pundhak.
pamidhangêt: ki. ak. pangrungu.
pamiyara: êngg. kn. babagan miyara raja kaya lsp; kc. piyara.
pamikara: kw. tindak sawênang-wênang; kc. wikara.
pamikir: n. pamanah n. panggalih k. 1 panêmu, pikiran; 2 pangrêmbug marang; kc. pikir.
pamilang: n. pamical k. ênggone ngetung (milang); kc. wilang.
pamili: (W) êngg. pc. kula-warga, kadang.
pamilih: kn. ênggone milih; kc. pilih.
pamiluta: kw. pambujuk, têmbung manis; kc. pilut, piluta.
paminangkêrti: kw. cinthung, tênung; kc. pinangkêrti.
pamindhah: êngg. k. pamêgat; kc. pindhah.
paminta: kw. panjaluk; kc. pinta.
paminggir: kw. klangênan (sêlir); kc. pinggir.
pamipitan: kn. piranti dianggo mipit (gawe lênga kacang lsp); kc. pipit.
pamirasa: n. pamiraos k. ak. ênggone nggothak-gathukake surasa; kc. wirasa.
pamirêng: k. pangrungu.
pamirma: kn. ak. ênggone nggumatèni (wêlas, owêl lsp) marang; kc. pirma.
pamirsa: kn. ak. pandêlêng, kawruh; kc. pirsa.
pamit: kn. 1 palilah (arêp lunga, mulih, ora mlêbu nyambut gawe lsp); 2 njaluk palilah arêp mulih, lsp; di-[x]-i: dijaluki palilah arêp pisah (lunga, nglowongi pagawean lsp); di-[x]-ake: dijalukake pamit marang; [x]-an: 1 njaluk pamit marang; 2 padha pamit arêp pêpisahan.
pamitran: kn. 1 têtêpungan, kêkancan; 2 pc. kanca; kc. mitra.
pamicara: kn. 1 têtêmbungan, gunêm; 2 ênggone pintêr gêgunêman; kc. wicara.
pamicis: kn. (mantri [x]) priyayi kapatah nglumpukake (nariki) pajêg.
pamiwal:. 1 kw. luwar, uwal; 2 kn. ak. dhuwit kawènèhake marang wong lanang supaya gêlêma awèh layang pêgat; kc. wiwal.
pamlukon: kn. ak. kang dianggo mluku; kc. wluku.
pamuja: kn. ak. sêmbahyang marang dewa; kc. puja.
pamujan: kn. papan dianggo mêmuja (sêmbahyang); kc. puja.

pamuji: kn. 1 pandonga; 2 pangarêp-arêp supaya slamêt lsp; kc. puji.
pamuk: kw. 1 ênggone ngamuk; 2 gêgêdhuging prajurit; kc. amuk.
pamulang: kn. ak. cara lsp. ênggone mulang; kc. wulang.
--- 462 ---
pamulangan ~ panas-jêro.
pamulangan: kn. papan dianggo mêmulang, sêkolahan; kc. wulang.
pamulasara: kn. cara lsp. ênggone mulasara; kc. pulasara.
pamulu: kw. wujuding praèn.
pamungkas: kw. kang pungkasan; kc. pungkas.
pamupu: kn. ak. cara lsp. ênggone mupu; kc. pupu.
pamuragil: kw. wuragil.
pamurih: kn. ak. pamrih, mangudi supaya; kc. purih.
pamurung: kn. ak. sarana kang dianggo murungake; kc. wurung.
pamursita, pamuwus: kw. gunêm, têtêmbungan; kc. wursita, wuwus.
pamutihan: n. pamêthakan k. 1 panggonane tukang mutih (ngumbahi); 2 kampung padunungane para ngulama Islam; kc. putih.
pamoyok: kn. ak. pêpoyok.
pamondhokan: kn. papan dianggo mondhok (numpang, nginêp); kc. pondhok.
pamong: kn. ak. wong kang ngêmong; kc. mong.
pamor:. 1 kw. campuran, ênggone amor, nunggal dadi siji; 2 waja putih kang digêmblèng ing kêris, tumbak lsp. mujudake gêgambaran warna-warna; pêcah [x]-e pc: wis wiwit diwasa (tmr. bocah lanang ut. wadon); kc. wor.
pamotan, pamomotan: kn. ak. papan dianggo momot, momotan; kc. momot.
pamotong: (pajêg [x]) kn. pajêg nyêmbêlèh rajakaya; kc. potong.
pampêt: kn. wis mari mili (tmr. gêtih); di-[x]: ditutup (dibuntu) supaya ora mili.
pampus: kn. ak. bngs. sêpatu tanpa tungkakan.
pamprang: kn. ak. iwak loh.
pamrayoga: n. pamrayogi k. pitutur (rêmbug) murih prayogane.
pamrih: kn. 1 tujuan (karêp) murih ...; 2 kamelikan.
pamwit: kw. ak. pamit.
pan: I kw. 1 jêr; 2 rak; 3 ananging. II wis [x] êngg: 1 wis ana; 2 wis mangêrti. III (W) kn: panggorengan kuwih ut. roti; di-[x]: digaringake ing pan.
pana: kw. 1 ilang, êntèk, putus; 2 uwal saka bêbandaning badan (pancadriya); 3 têrang pangêrtine, putus pamawase; 4 pc. pintêr bangêt.
panabda: kw. gunêm, clathune; kc. sabda.
panabur, panambur: kn. ak. mimis cilik-cilik.
panadaran: kn. ak. dianggo ngluwari nadar (kaul).
panajung:(-an) kn. ak. ar. pangkating priyayi kang sawahe sajung.
panagan: êngg. kn. tumpukan pari ing sawah (kang mêntas diênèni).
panagihan: kn. ak. layang lsp. mratelakake nagih utang lsp.

panah: n. jêmparing k. ar. gêgaman mawa bedhor dilêpasake sarana gêndhewa; di-[x]: dilêpasi panah; [x]-an: 1 (n. jêmparingan k) lêlangên kasukan panah; 2 kn. ar. manuk.
panaiban: kn. ak. omah (padunungane) naib.
panayagan: êngg. kn. niyaga.
panakawan: kn. abdi pandhèrèk; kc. parêpat.
panakrama: kw. pakurmatan, pambage slamêt.
panaksi: êngg. kn. dhuwit saksi.
panalawe: kn. ak. ar. pangkating priyayi rèrèhane salawe.
panalika: kw. pandêlêng, pamandêng; kc. talika.
panambang: kn. wanda kang kawuwuhake ing lingganing têmbung, kyt: -an, -i, -ake; kc. tambang.
panambangan: kn. papan ut. prau dianggo nambangake; kc. tambang.
panambeyan, panampeyan: êngg. k. kowe; kc. sampeyan.
panambur: kn. 1 tukang nabuh tambur, 2 ak. mimis cilik-cilik.
panampa: n. panampi k. 1 ênggone nampa; 2 ak. opahan ênggone mupu pajêg; 3 panêmu, pangrasa (sawise dikandhani lsp); kc. tampa.
panampan: kn. 1 ak. bngs. talam (tembor) wadhah sandhangan kang arêp dianggo; 2 êngg. dina padusan (ngarêpake pasa).
panandhon: I kn. ak. tukang mikul tandhu. II kn. ak. sawah pasangoning putrining ratu kang ditrimakake.
panantang: kn. layang lsp. mratelakake nantang; kc. tantang.
panancang: kn. ak. cara lsp. ênggone nancang, apa-apa kang dianggo nancang; kc. cancang.
panancangan: kn. cagak lsp. dianggo nancang; kc. cancang.
pananggalan: kn. 1 almênak; 2 ak. (dibayar) sabên sasi; 3 êngg. dhuwit kang kawènèhake marang wong kang dilindhungi (sabên sasi); kc. tanggal.
pananggap: kn. 1 èmpèring pêndhapa; 2 ak. juru mupu pajêg; 3 dhuwit opahing mupu pajêg; kc. tanggap.
pananggung: n. pananggêl k. ênggone nanggung, wong kang nanggung; kc. tanggung.
panangkilan: kw. papan palênggahaning ratu kang sinewaka; kc. tangkil.
panarik: kn. ênggone narik (pajêg lsp); kc. tarik.
panarima: n. panarimah k. panuwun ki. rasa ngrumangsani (ngakoni) kabêcikan ut. kaluhuraning liyan; kc. trima.
panas: n. bêntèr k. 1 kb. adhêm; 2 lara awake krasa sumlêngêt; 3 ak. njalari cilaka (tmr. pakarangan, omah lsp); 4 ([x] atine) muring lan mèri marang liyan; pêpanas: dhedhe, dolanan lsp. ana ing papan kang panas; di-[x]-i: digênèni lsp. supaya panas; 2 dijaili (dinêpsoni) marga kêmèrèn; di-[x]-ake: disèlèhake ana ing papan kang panas, didadèkake panas; [x]-an: 1 papan kang panas; 2 sênêng manasi liyan.
panasar:. 1 ki. susur; 2 kn. ar. canthing dianggo nembok bathikan.
panasaran: kn. kawruh (ngèlmu, agama) kang ora nyata; kc. sasar.
panasbaran, panasbranan: kn. ak. brangasan, nêpson, panastèn.

panas-jêro: n. (-lêbêt k): lara panas nanging awake ora krasa panas (tipês).
--- 463 ---
panas-pêrih ~ panjêr.
panas-pêrih: kn. rêkasa lan kangèlan (susah).
panastèn: kn. ak. sênêng panasi liyan marga kêmèrèn; di-[x]-i ak: dipanasi.
panastis: kn. lara kadhêmên banjur panas (Malariah).
panata: kn. ak; 1 cara lsp. ênggone nata; 2 wong kang nata; kc. tata.
panataran: kn. ak. unggah-unggahan, undhak-undhakan; kc. plataran, tatar, patar.
panatas tali: kn. ak. dhuwit pituwas dibayarake nalika tuku omah lsp; kc. tatas.
panatus: êngg. kn. lurah desa.
panacad: kn. panyedha; kc. cacad.
panacahan: kn. ak; 1 cara (srana lsp) ênggone nacahake (ngetung); 2 piranti dianggo nacah; kc. cacah.
panawa: kn. ak. panawar; kc. tawa.
panawar: kn. sarana dianggo nawar wisa lsp; kc. tawar.
panawèn: (sa-) kn. sakojong (tmr. bêras).
pandadar: kn. 1 panyoba nyumurupi murni lan orane (nglèlèr êmas lsp); 2 (ut. pandadaran) ak. èksamên; [x]-an: piranti (watu) dianggo nglèlèr mas lsp; kc. dadar.
pandaya: kw. 1 juru misaya iwak; 2 piranti.
pandak: pc. (ora [x]) (ora) bêtah, (ora) bisa tahan.
pandakwa: kn. patrap (têtêmbungan lsp) ndakwa marang; kc. dakwa.
pandam: kw. pêpadhang, diyan.
pandamêl: k. panggawe.
pandamêlan: k. panggawean.
pandangon: I kn. minggu kang suwene 9 dina. II ki: pitakon.
pandarakan: kw. wong asor; kc. padarakan.
pandawa: n. pamanjang k. ujur, sisih kang dawa.
pandêk: êngg. kn. 1 têtêp; 2 kuli kang têtêp ngladèni prabot desa; kc. pandak.
pandêl: (W) kn. bngs. gêndera.
pandêlar: kn. ak. ajug-ajug lilin.
pandêlêng: n. paningal k. 1 kang dianggo ndêdêlêng (mata); 2 (sa-[x]) dohe padha karo dohe barang kang didêlêng nganti lamat-lamat; kc. dêlêng.
pandêlik: pating [x], [x]-an kn. matane padha diwêngakake amba, di-[x]-i: dipanthêlêngi.
pandêlo: pating [x] kn. matane padha katon amba kaya mêtu.
(pandêng): di-[x] kn. didêlêng mripate ora kêdhèp-kèdhèp; [x]-an: 1 ak. apa-apa kang dipandêng (marga bêcik lsp); 2 ent. tujuan, ênêr; 3 êngg. kang diincêng, sipatan, sawangan; 4 êngg. ak. papan dianggo mapanake raja-kaya (dijaga aja nganti ucul).
pandêpun: kn. plipidan ing pinggir.

pandika: kw. têtêmbungan, gunêm; kc. andika.
pandirang: pating [x],, [x]-an kn. matane julalatan marga kagèt lsp.
panduk: kw. tanduk (tumindaking pakaryan), cak-cakan; di-[x] kw: kêna ing, ditamani; kc. tanduk.
panduka: êngg: paduka.
pandulu: kw. pandêlêng.
pandum: kn. 1 bagean; 2 br. pêpêsthèn (bêgja-cilaka); di-[x] ak: diêdum, dibage; di-[x]-i ak: diwènèhi bagean; [x]-an ak: bagean; kc. dum.
pandunungan: êngg. bêndara, lêlurah; kc. dunungan.
pandung: k. 1 ak. pangling; 2 maling.
pandom:(-an) kn. piranti dianggo nyumurupi keblat; kc. dom.
pandon: kw. 1 tanduk, cak-cakane; 2 panglantih; 3 wasana, pungkasan; kc. don.
pandonga: kn. pamuji supaya slamêt lsp; kc. donga.
pandriya: kw. ati, panca-driya.
panja:. 1 kn. têkênan dianggo gawe cluwokan kang arêp diisèni wiji (jagung lsp); 2 k. ak: jalu; di-[x]: 1 dicluwoki nganggo panja; 2 êngg. diêlih saka pawinihan (tmr. wiji pari); 3 pc. dipialani; kc. tanja.
panjajap: êngg. kn. ar. prau cilik.
panjaga: kn. 1 wong kang jaga; 2 patrap lsp. ênggone njaga.
panjait: êngg. kn. grêji.
panjak: êngg. wk. 1 anthèk ing pandhe; 2 niyaga.
panjalin: n. panjatos k. ar. têtuwuhan wite digawe dandanan warna-warna.
panjalma: kn. ênggone manjalma dadi manungsa, sipat wêwujudan manungsa kadadean saka lêlêmbut lsp; kc. jalma.
panjaluk: n. panêdha k. 1 (panyuwun ki) kang dijaluk, patrap lsp. ênggone njaluk; 2 kang kudu ditêtêpi; kc. jaluk.
panjang: I k. dawa. II (-giri, -piring, -putra, -watu) kn: ar. piring gêdhe.
panjangan: êngg. kn. punjungan.
panjang-ilang: kn. janur diênam diwangun kaya panjang.
panjang kidung: br. (dadi-) misuwur, dadi ojating akèh.
panjangka: kn. kang dijangka; kc. jangka.
panjara: (S) kw. kunjara, bluwi; di-[x] kw: dikunjara.
panjarwa: kw. makna, têgês; kc. jarwa.
panjatos: k. panjalin.
panjawat: kn. 1 ak. wulu ing suwiwi kang pinggir; 2 prajurit ing barisan kang pinggir; kc. jawat.
panjêl: êngg. kn. banjêl.
panjêlut: pating [x] kn. krasa kaya dipuntir-puntir wêtênge.
panjênêngan:. 1 ki. têkên; 2 ([x] dalêm, [x] sampeyan) ki. kowe; 3 pêpangkatan kang luhur, paprentahan (pamarentah).
panjêr: I di-[x] kn. 1 diêdêgake (ditancêbake) bae (tmr. gêndera, tumbak lsp); 2 diulukake banjur dipanthêng bae (tmr. layangan); 3 ora dipatèni (tmr. diyan, ting lsp); [x]-an bêndera: garan gêndera; diyan [x]-an: diyan kang ora tahu dipatèni (tansah diurubake). II kn: dhuwit

kang dianggo pakêncênging têtuku (sadurunge dibayar sah); di-[x]-i: diwènèhi panjêr; kc. manjêr. [manjêr...]
--- 464 ---
[....]
panjêr-esuk ~ panêmbung.
panjêr-esuk: n. (-enjing k): ar. lintang kang katon ing wayah esuk.
panjêr-sore: n. (-sontên k): ar. lintang kang katon ing wayah sore.
panji: 1 kw. gêndera; 2 kn. ar. sêsêbutaning darahing ratu; 3 kn. ar. pangkat (lêlurahing prajurit); 4 kn. ak. ar. pangkat saèm. wêdana.
panjidhur: kn. jidhur.
panji-klanthung: pc. wong kang nganggur.
panjilma: kn. ganti wujud, panjalma.
panjing: kw. anggone manjing; kc. anjing, manjing.
panji-panji: kn. ar. clana (irêng ut. biru) ing dhêngkul nganggo bênik.
panjudhi, panjodhi: êngg. kn. wong kang pinracaya (nampani dhayoh lsp).
panjul: êngg. kn. lêlurah, jêjênggul.
panjunan, panjonan: êngg. kn. palonthèn.
panjurung: kn. 1 pamuji, pandonga; 2 sumbangan; kc. jurung.
panjut, panjuta: kw. pêpadhang, diyan.
panjutu, panjoto: pating [x] kn. padha katon abuh mlêmpung.
panjuwalan: kn. papan dianggo adol candu ut. uyah.
panjor: kw. dhêdhasaring wêwaton.
panjorangan: êngg. kn. ugal-ugalan.
panjoto: kn. kc. panjutu.
panjrah: kw. sumêbar wrata; kc. jrah.
pandhadha: kn. anak kang katêlu.
pandhak: kn. ak. cebol.
pandhalungan: kn. ak. gunêman ora karuwan unggah-ungguhe; kc. gêndhalungan.
pandhan: kn. ar. têtuwuhan wite saèm. nanas.
pandhapa: kn. omah ingarêp kang lumrah adhapur limasan.
pandhapi: k. ak. pandhapa.
pandhara: êngg. kn. bêndara.
pandharat: êngg. ak. 1 kêndharat, tampar; 2 juru ladèn; kc. kêndharat.
pandhatos: k. êngg. 1 cikar; 2 dhokar; kc. pêdhati.
pandhe: kn. tukang gawe dandanan wêsi; di-[x]: digêmblèng.
pandhega: 1 kw. lêlurah, pangarêp; 2 kn. ak. panjak, anthèking pandhe; 3 kn. ak. punggawa prau; dipandhegani kw: dipanggêdhèni, dikêpalani.
pandhekar: kw. wong kang pintêr ulah gêgaman (pêdhang lsp).
pandhèrèk: kn. pangiring, wong kang ndhèrèkake.
pandhêdhêpan: kn. papan kang diênggo ndhêdhêpi; kc. dhêdhêp.
pandhêdhêran: kn. papan dianggo ndhêdhêr wiji.
pandhêkêl: pating [x] kn. krasa kaya ana kang ngganjêl (ing gulu lsp).
pandhêlikan: kn. papan dianggo ndhêlik.

pandhêlis, pandhêlus: pating [x] kn. padha katon mêncungul sarta katon gilap.
pandhêlong: mak [x] kn. ak. sanalika kêndho (tmr. tali lsp).
(pandhêm): di-[x] kw. dibandhêm.
pandhêmèn: (W) kn. bêbatur ut. têtalêsing omah kang dipêndhêm.
pandhês: kn. (dikêthok, ditêgor) nganti têkan ing dhasare, (dicukur) nganti mêpêt bangêt.
(pandhi): di-[x] kn. ak. dipanggul kasèndhèkake ing pundhak (tmr. gada lsp).
pandhik: kn. ak. ar. piranti dianggo misaya iwak.
pandhikil: pating [x] kn. padha mbrênjul cilik-cilik.
(pandhing): di-[x](-i) êngg. kn. ditandhing(-i).
pandhiran: êngg. kn. omong-omongan.
pandhisil, pandhèsèl: pating [x] kn. padha mbrênjul mêtu.
pandhita: (S). 1 kw. wong kang putus ing kawruh; 2 wong ahli tapa, guru ngèlmu kasampurnan; 3 kn. ngulama Kristên Protèstan; [x] êndhog(antêlu) pr: wong kang sumuci-suci.
pandhuk: I kn. 1 ak. pêthukan, kêtêmu; 2 êngg. têpung manèh (mari sulaya). II (ut. [x]-an) kn: tanpa nganggo tambahan (tmr. liron), tanpa tukon ut. pawèwèh liyane (tmr. jêjodhoan).
pandhukul, pandhokol: pating [x] kn. padha pating brênjul.
pandhulus: pating [x] kn. saèm. pandhêlis nanging luwih gêdhe.
pandhusul, pandhosol: pating [x] kn. padha katon mbrênjul sêmu mêtu.
(pandhuwur: n. panginggil k) sa-[x]; kabèh kang kawêngku ing golongan ing dhuwur; di-[x]-ake: diunggahake, diingsêr luwih dhuwur tinimbang maune.
(pandho): mandho kn. mulungake tangan karo pisan kaya patrake wong arêp nênampani.
pandhoga: kn. woh pandhan.
pandhok: êngg. pc. ênggon, padunungan kang têtêp; kc. andhok.
pandhosa: kw. bandhosa.
pane: êngg. kn. layah, lèmpèr.
(panèk): di-[x] êngg. kn. dipènèk.
panèkêt: kn. ak. ar. pangkating priyayi.
panèn: kn. (mangsa) ngundhuh pari; [x] mata pc: mung bisa nyawang (ndêlêng) bae.
panèwu: kn. 1 ar. pangkat kang rada dhuwur; 2 ak. asistèn-wadana.
panêdah: k. panuduh.
panêdya: kw. sêdya, niyat.
panêdha: k. 1 panjaluk; 2 pamangan; 3 ak. panarima.
panêgar: kn. tukang ngajari jaran tunggangan; kc. têgar.
panêkar: kn. ak. gêbayan, pulisi ngiras kêpala kampung.
panêkuk: I kn. ênggone nêkuk; kc. têkuk. II (W) kn: ar. kuwih (roti).
panêksi: êngg. kn. dhuwit saksi; kc. saksi, sêksi.
panêlah: kw. jênêng, aran; kc. têlah.
panêlawe: kn. ak. ar. pangkat.

panêluhan: kn. ak. donga ut. kawruh bab têluh.
panêmbahan: kn. ak. sêsêbutaning wong luhur (pandhita, tilas ratu).
panêmbangan têbu: kn. ak. mangsa ngrêmbang têbu; kc. têmbang.
panêmbung: kn. 1 ak. panjaluk; 2 ar. pêprincèning gamêlan; kc. têmbung.
--- 465 ---
panêmbrama ~ pantang.
panêmbrama: kn. têmbang dianggo mbagèkake ut. ngurmati; di-[x]: dikurmati (dibagèkake) sarana têmbang.
panêmu: n. pamanggih k. 1 rêrekan olèh-olèhane nggagas (mikir); 2 gagasan, angên-angên; 3 pangira; kc. têmu.
panêngah: kn. ak. (anak) kang têngah dhewe.
panêngên: kn. 1 kang kagolong ing sisih têngên; 2 ent. piwulang ngèlmu lsp. kang bênêr; kc. têngên.
panêngêran: kw. 1 têtêngêr, tandha; 2 unyêng-unyêngan; 3 jênêng; kc. têngêr.
panênggah:(-an) kw. jênêng, sêsêbutan.
panênggak: ki. panggulu; kc. tênggak.
panênggèk, panênggik: kn. ak. pacêklik.
panêpèn: kn. ak. papan dianggo nênêpi (sêmadi lsp); kc. sêpi.
panêrus: kn. 1 pungkasan ut. sambunganing êmpyak (payon); 2 (bonang [x], gêndèr [x], saron [x]) bonang gêndèr, saron rangkêpan (larase luwih cilik tinimbang sisihane); kc. têrus.
panêrpas: pc. panêmu; kc. têrpas.
panhis: êngg. pc. pagadhean.
pani: I kn. piranti dianggo ngulur lawe ing panênunan. II (S) kw. ak: tangan.
panibasampir: kw. pawèwèh pangantèn lanang marang pangantèn wadon.
panida: kw. ênjêt.
paniganan: kn. ak. wadhah kinang; kc. nigan.
panil: (W) kn. ar. peranganing lawang.
panili: (W) kn. ar. têtuwuhan kang wohe arum bangêt ambune.
panimbal: kn. palu kang kapindho; kc. timbal.
panimpang: êngg. kn. blumbang dianggo ngingu iwak, tambak.
panindak: kn. ênggone nindakake (ngêcakake); kc. tindak.
panindhês: kn. ênggone nindhês (siya-siya marang); kc. tindhês.
paninisan: kn. ak. papan dianggo ngisis; kc. ninis.
paningal: k. pandêlêng.
paningalan: ki. ak. pangilon.
paningrat: kw. èmpèr; kc. panirat.
paningron: kn. ar. dina paringkêlan kang kalima.
paningsêt: 1 ki. sabuk; 2 kn. pawèwèhe calon pangantèn lanang marang calon pangantèn wadon minangka pakêncêng; kc. singsêt.
panirat: kn. ak. èmpèr.
panitah: kw. ênggone nitahake; kc. titah.

paniti: I (-priksa) kn. ênggone niti-priksa; [x] petung: ênggone nggênahake panganggone dhuwit. II kn: bngs. dom nganggo rêrênggan dianggo nangkêpake blêdhèhan klambi (tmr. wong wadon).
panitih: kn. ak. kang ana ing dhuwur dhewe, kang nunggang; kc. titih.
panitisan: kn. 1 cithakan gula krambil (arèn); 2 ngèlmu lsp. bab nitis (urip manèh angslup marang wong lsp); 3 pangincêngan ing bêdhil; kc. titis.
panitra, panyitra: kn. juru nyathêti, sèkrêtaris.
panitya: kn. komisi (ing pakumpulan).
panicil: kn. ênggone nicil; kc. cicil.
panithikan: kn. ak. watu dianggo gawe gêni; kc. thithik.
panu: kn. ar. lêlaraning kulit wujud putih-putih pating blêntong.
panuduh: kn. 1 ak. kang nuduhake, ênggone nuduhake; 2 (driji [x]) driji kang kapindho saka ing jêmpol; kc. tuduh.
panuju: kn. ak. 1 ênggone nuju; 2 cocoging ati; 3 pinuju; kc. tuju.
panujuman: kn. ngèlmu pêthèk sarana lintang lsp.
panuhun: kn. ak. panarima.
panukang: êngg. kn. wong desa kang tampa ayahan ana ing prabot desa lsp.
panuku: n. panumbas k. dhuwit kang dianggo tuku.
panukma, panuksma: kw. titisan; kc. sukma.
panulad: kn. ak. caraning nulad; kc. tulad.
panulak: kn. sarana ut. cara ênggone nulak; kc. tulak.
panuli: kn. piranti dianggo nyungging.
panulisan: n. panyêratan k. (meja [x]) meja piranti dianggo nulis.
panumbak: kn. 1 ênggone numbak; 2 prajurit kang nggawa tumbak.
panunu: kw. pangobong; kc. tunu.
panunuk:,pating [x] êngg. pc. katon pating pathuthuk.
panuntun: kn. 1 caraning nuntun (nuduhake); 2 wong kang nuntun, pangarêping pakumpulan ut. pêrgêrakan; kc. tuntun.
panunggalane: n. panunggilanipun k. kang tunggal (sajinis) kaanane; kc. tunggal.
Panunggal Suci: kn. Roti tanpa ragi kang wis malih dadi date slira Dalêm Sang Kristus (Agama Katulik).
panunggul: kn. 1 (driji [x]) driji kang têngah; 2 intên kang ditrap ing têngah (tmr. ali-ali lsp); 3 ki. kuluk; 4 ar. laras ing gamêlan.
panungkul: kn. ak. caraning nungkul (têluk), pisungsung tandha yèn wis têluk; kc. tungkul.
panutan: kn. 1 panuntuning agama kang diênut (Nabi); 2 kang diturut, pangarêp; 3 ak. anak pèk-pèkan (dianggo sarat supaya bisa duwe anak dhewe).
panutup: kn. kang dianggo nutup (pungkasan), pungkasaning wawasan lsp; kc. tutup.
panutur: kw. dêdalan, sarana.
panuwun: 1 kn. êngg. molo; 2 ak. panjaluk; 3 ki. panarima; kc. suwun.
panon: kn. ak. pandêlêng; kc. ton.

panontonan: kn. ak. papan dianggo mitongtonake ut. nonton; kc. tonton.
panongsong: kn. tukang nggawa payung (mayungi, tmr. para luhur).
panrima: n. panrimah k. panuwun ki. kc. panarima.
pansiyun: (W) kn. bayar minangka pituwasing lêlabuhan kang wis dilakoni; di-[x]: dibayar ora susah nyambut gawe.
pantaka: kw. pati, mati.
pantang: êngg. pc. larangan, sirikan.
--- 466 ---
pantara ~ pancongol.
pantara: kw. 1 (patawis k) wong kang nglantarake; 2 nganti, kongsi; kc. antara.
pantaran: kn. mèh padha umur-umurane (mèh barêng laire).
pantat: êngg. ks. jubur.
pante: kw. pasisir, pinggiring kali; kc. tambang.
pantèg: êngg. kn. wantèg.
pantèk: kn. sindik gêdhe dianggo ngêncêngake sambungan kayu lsp; di-[x]: ditrapi pantèk.
pantekostah: kn. riyaya tumurune Hyang Roh Suci (agama Kristên).
pantèn: kn. ak. 1 anggèr, thole; 2 kowe.
pantesawa: kw. bandosa.
pantêlung: kn. tumungkuling pang; di-[x]-ake: ditiyungake (tmr. pang).
pantês: 1 k. patut; 2 kn. ora nguciwani, wis prayoga (bêcik); 3 êngg. pc. layak bae, ora nggumunake yèn; di-[x] ak: digawe supaya pantês, dipatut.
panti: kw. omah panggonan.
pantis: êngg. kn. sob, surud (tmr. banyu).
pantun: k. pari.
pantog: kn. 1 anjog ing; 2 wis ora bisa têrus (tmr. mlaku lsp) pungkasan.
pantos:, botên [x] êngg. k. ora pati.
pantya: br. panti.
panca: (S) kw. lima.
pancabaya: kn. bêbaya warna-warna.
pancabakah: kw. pasulayan, kêrêngan.
(pancad): di-[x](-i) kn. 1 sikile ditapakake lan diênêtake (arêp mènèk); 2 ent. diwiwiti; [x]-an: 1 apa-apa kang dipancadi (untu andha, undhak-undhakan lsp); 2 kang minangka wiwitan (tmr. sinau, ngrênggêp pangkat lsp).
pancadriya: kn. 1 piranti ngrêrasakake ing angganing manungsa (pandêlêng, pangambu, pangrasa, pangrasa ilat, pangrungu); 2 kw. hardaning karêp marang rasa kawadhagan.
(pancah): di-[x](-i) kn. diwancahi.
(pancak): I di-[x] kn. 1 êngg. ditampani (ditadhahi); 2 êngg. ditêpak (tmr. walang lsp). II di-[x] kn. ak: dilakèni (tmr. raja-kaya).
pancaka: kw. pangobongan mayit.

panca-kaki: êngg. kn. pinituwa ing desa.
pancakan: êngg. kn. anyaran.
pancakara: kw. pêrang, kêrêngan.
pancak-suji: kn. pagêr kang digawe wêsi nganggo adêg-adêg bata.
pancal: I [x] donya kn. mati; di-[x]: 1 dijêjak lan diênêtake ngêgèt; 2 ak. dipêgat dening kang wadon sarana mènèhi dhuwit; kc. kêpancal, mancal. II kn: mawa ulês putih ing sikile (tmr. jaran lsp).
pancalang: kn. 1 ak. kongkonan kang ndhisiki laku; 2 êngg. ak. pulisi; kc. pacalang.
pancama: (S) kw. ak. kang kalima.
pancanaka: (S) kw. kuku lima.
pancaniti: kw. palênggahaning ratu yèn pinuju rêrêmbugan.
pancarian: êngg. pc. panggaotan, pagawean.
pancaruba, pancawora: kw. prahara, angin gêdhe.
(pancas): di-[x] kn. dikêthok mayat (tmr. pang lsp); di-[x]-i ak: dirampungi; [x]-an ak: putusan, katêtêpan, karampungan.
pancasuda: kn. ar. petungan pasatuan.
pancasona: kn. ar. aji-aji njalari luput ing pati.
pancawala: kw. bocah lêlima.
pancawara: kn. ar. japa-mantra dianggo nyranani murih enggale lairing jabang bayi lsp; di-[x]: didongani pancawara.
pancèn: kn. kc. panci.
pancèrèt:, pating [x] kn. katon gilap sumunar.
pancêd: kn. ak. ora owah-owah, wis têtêp; di-[x] ak: wis ditêtêpake (tmr. rêrêgan lsp).
(pancêlèk): di-[x]-ake kn. disilakake tutupe (tmr. palanangan lsp).
pancêngès, pancêngis:, mak [x] pc. dumadakan ngguyu mringis.
pancêr: kb. 1 lajêr, oyod lajêr; 2 ([x] lanang, [x] wadon) aluran turun saka (-lanang, -wadon); 3 kang dadi baku, undêraning prakara; 4 kang dadi ugêraning panuthuk (tmr. nabuh gamêlan); 5 ([x]e marang) ak. ênêre têrus marang; 6 (jênêng [x]) jênêng kang baku, jênêng miturut kulawargane; di-[x] ak: diincêng, diincêr.
pancêrêng:, pating [x] kn. padha pandêng-pandêngan matane katon sêrêng.
panci: I êngg. (ut. pancèn) kn. 1 bagean kang wis dipêsthi; 2 ak. pêpêsthèn (bêgja cilaka); 3 mula wis mêngkono, bênêre mula mêngkono; 4 wis sabênêre bae; 5 wis gênah, têtêp, têrang; di-[x]: ditêtêpake bageane (pangane, pamêtune lsp); dipancèni: dibubuhi, dipatah, dingèngèhi pangan lsp; dipancèkake: dipêsthèkake, dijagakake; pancèn: 1 (ut. [x]-e) bênêre kudu ...; 2 (ut. pêpancèn) wong kang dipatah nindakake pakaryan ana ing prabot desa lsp. II kn: bokor ut. kuwali wêsi dilapis email.
(pancik): di-[x]-i kn. ak. dianggo ngadêg; kc. ancik, mancik.
pancilak:, pating [x], [x]-an kn. matane katon mêncêrêng.
pancing: kn. ar. piranti misaya iwak wujud dom lsp. mbêngkuk dicancang ing kênur diolèhake walêsan; di-[x]: 1 diwisaya nganggo pancing (tmr. iwak); 2 pc. dijontrot, didolop.

pancingên: kn. lara ing gorokan yèn dianggo ngêngulu krasa slêngkring-slêngkring.
(pancud): di-[x] kn. ak. digawe sêmu lancip; kc. mancud.
pancuhan: êngg. kn. pathokan ing bêndungan.
panculat: kn. mlêtik mêncolot.
pancungul:, mak [x] kn. sanalika ngaton (êndhase, pucuke munggah).
(pancur): di-[x]-ake kn. ak. diilèkake mancur; kc. mancur, cur.
pancuran: kn. banyu kang mancur.
pancurat: kn. sumirating banyu.
(panco): di-[x] êngg. kn. diwaoni, diwancahi.
pancolot: kn. mlumpat ngêgèt.
pancono: pating [x] pc. padha mênyonyo ...
pancong: êngg. kn. bngs. cethok gêdhe garane cêndhak.
pancongol: kn. saèm. pancungul.
--- 467 ---
pancorong ~ Pangangsalan.
pancorong: kn. wêtuning pêpadhang (sorot).
pancorot: kn. wêtuning sorot.
pantha: ut. pêpanthan kn. 1 golongan; 2 grombolan; di-[x]: 1 (ut. di-[x]-[x]) dibage-bage gêgolongan; 2 (ut. di-[x] garwa) kw. dipèk bojo; pêpanthan: gêgolongan.
panthalèt, panthalit:, pating [x] kn. padha pêpulêtan.
(panthang): di-[x]-i êngg. pc. dilarangi.
panthangulan: kn. ak. ora duwe isin.
pantheyot-pantheyot, panthèyètan: êngg. pc. mlaku rêkasa bangêt dening kabotan gêgawan lsp.
panthelangan: kn. ak. ugal-ugalan.
panthèngèl: mak [x] kn. sanalika êndhase mêncungul.
panthêlêng: pating [x] kn. padha ngêngakake matane; di-[x]-i: dipandêng karo manthêlêng.
(panthêlèt): di-[x]-ake kn. dilêmpètake wêtênge.
(panthêng): di-[x] kn. êngg. ditarik kêncêng (tmr. tali lsp); kc. manthêng.
panthêngil: mak [x] kn. ak. sanalika mêncungul.
panthingil: pating [x] kn. padha katon mêtu (tmr. wiji lsp).
panthungul: kn. saèm. pancungul.
panthuran: êngg. kn. pancuran.
pantholos:, pating [x] kn. padha gundhul klimis.
panthongol: kn. saèm. pancongol.
panyaban: êngg. kn. panggonan dianggo sêsaba; kc. saba.
panyade: k. pangêdol.
panyadranan: kn. 1 kiriman kêmbang ing kuburan; 2 papan kang dianggo nyadran; kc. sadran.
panyak: pc. wiwit tumandang.
panyakit: kn. lêlara.
panyamah: kn. têtêmbungan lsp. kang ngasorake; kc. camah.
panyampah: kn. pêpoyok; kc. campah.

panyana: kn. gagasan, pangira; kc. nyana.
panyatur: n. panyantên k. ak. ênggone nggunêm (nyatur); kc. catur.
panyènyèh:, pating [x] pc. padha ngêmu banyu tmr. tatu, gudhig.
panyènyèngan: pc. gêmbèlèngan kurang ajar.
panyêkêl: n. panyêpêng k. cara lsp. ênggone nyêkêl; kc. cêkêl.
panyêlanan: kn. ak. kang dianggo sêla-sêla (lêt-lêt); kc. sêla.
panyêlak: k. panyêdhak.
panyêndhak: n. panyêlak k. alange, ukurane kang cêndhak.
panyinyang-panyinying: pc. rada jiguh, rada wêdi.
panyukuran: kn. (lading [x]) lading kang dianggo nyukur; kc. cukur.
panyumplêng: kn. ak. saèm. pajêg kêpala (pajêg omah).
panyuwun: ki. panjaluk.
panyonyo:, pating [x] pc. padha bênjut.
pang: kn. cawang ing wit.
pangabaran: kn. ak. aji kanggo mêpêr kadigdayaning mungsuh; kc. abar.
pangabdèn: kw. sajroning dadi abdi.
pangabêkti: kn. sêmbah sungkêm (pakurmatan).
pangadêg: kn. (sa-[x]) saanggon, saprangkat (tmr. panganggo); kc. adêg, dêdêg.
pangadilan: kn. 1 putusaning kukum; 2 bêbadan pagaweane mutusi prakara; kc. adil.
pangadolan: n. panyadean k. ak; papan dianggo adol; kc. adol, dol.
pangadon, pangaduan: n. pangabênan k. ak. papan diangggo adu-adu.
pangajaran: kn. ak. piwulang; kc. ajar.
pangajêng: k. pangarêp.
pangajêng-ajêng: k. pangarêp-arêp.
pangaji: I n. pangaos k. êngg. ênggone ngaji; kc. aji. II n. pangaos k. êngg: 1 aji; 2 rêga, rêrêgan; dipangajèni êngg. dirêgani; kc. aji.
pangagêm: ki. panganggo.
pangagêman: ki. panganggon.
pangagêng: k. panggêdhe.
pangayunan: kw. (ing) pangarêpan; kc. ayun.
pangayoman: kn. 1 ak. papan kang ayom, eyuban; 2 pitulungan sarta panjaga; 3 wong kang ngayomi; kc. ayom.
pangaksama: kè. pangapura.
pangala-ala: n. pangawon-awon k. gunêm ut. têtêmbungan ngala-ala marang liyan; kc. ala.
pangalapan: kn. ak. papan kang angkêr (lêlêmbute sok ngalap wong, kewan lsp).
pangalasan: kw. ar. pangkat abdi; kc. alas.
(pangalor: n. pangalèr k) sa-[x]: kabèh kang kalêbu ing sisih lor; di-[x]-ake: diingsêt (diêlih) mêngalor; kc. lor.
pangambu: n. pangambêt k. panca driya kang dianggo ngambu, cara lsp. êngone ngambu.
pangan: n. têdha k. dhahar ki. 1 rêjêki (sêga, lêlawuhan lsp); 2 ak. sêga; 3 pc. sarananing urip; 4 êngg. pc. bayar, pamêtu; di-[x]: 1

dilêbokake ing cangkêm banjur dimamah lan diulu; 2 ditrajang ing (gêni, ama lsp); 3 pc. dilêbokake ing ati (tmr. piwulang, lsp); 4 êntèk dianggo (dipigunakakake; [x]-an n. têtêdhan k. dhaharan ki. 1 lêlawuhan; 2 kuwih-kuwih lsp.
pangandêl: kn. 1 êngg. ak. kapracayan, iman; 2 (kang dianggo) tanggungan; kc. andêl.
pangandika: ki. kandha, clathu; kc. andika.
panganjur: kw. pangarêp, panggêdhe.
panghandhap: k. pangisor.
panganiaya: kn. patrap lsp. ênggone nganiaya.
pangantèn: kn. wong kang lagi diningkahake (ditêmokake dadi jodho); [x]-an: 1 sih-sinihan; 2 dolanan cara pangantèn.
panganti-anti: n. pangantos-antos k. ak. (dadi) pangarêp-arêp, tansah diêntèni.
pangantyan: kw. pangantèn.
panganyang: n. pangawis k. (rêrêgan, patrap lsp) ênggone nganyang.
panganggo: n. pangangge k. pangagêm ki. 1 cara (patrap lsp) ing nganggo ut. migunakakake; 2 sandhangan (êngg. uga rêrêngganing badan); kc. anggo, ênggo.
pangangguran: kn. 1 sajroning waktu nganggur; 2 pc. wong-wong kang padha nganggur (ora duwe pagawean); kc. anggur.
pangangsalan: êngg. k. Pêkalongan.
--- 468 ---
pangangson ~ panggang.
pangangson: kn. 1 papan kang diangsoni; 2 ent. kang dianggo pitakonan, kang diguroni (diangsu kawruhe); kc. angsu.
pangapêsan: kn. ak. cacad lsp. kang njalari apês.
pangapuntên: k. 1 pangapura; 2 êngg. êmbuh; kc. apuntên.
pangapura: n. pangapuntên k. lunase paukumaning panggawe ala (-dosa); kc. apura.
pangarah: n. pangangkah k. 1 niyat, sêdya; 2 pamrih arêp melik, panêmpuh ngarah; di-[x]: diudi supaya, dimelik (ditêmpuh arêp dimelik ...); kc. arah.
pangarak: kn. 1 ak. anggone ngarak, arak-arakan; 2 mata intên kang jèntrèk ngubêngi panunggul; kc. arak.
pangaran: kw. jênêng, aran; dadi pangaran-aran br: dadi ojating akèh, akèh wong kang ngarani ala. .
pangarang: kn. 1 wong kang ngarang; 2 cara (patrap lsp) ênggone ngarang; kc. karang.
pangarasan: ki. pipi; kc. aras.
pangarètan:, lading [x] ak. lading cilik dianggo ngêrik tulisan mangsèn.
pangarêm-arêm: kn. (sawah [x]) sawah digadhuhake bêkêl kang wis lèrèn (minangka pènsiun).
pangarêp: n. pangajêng k. kang ana ingarêp, panuntun; di-[x]-i: dituntun ing, dipanggêdhèni; di-[x]-ake ak: diajokake; kc. arêp.

pangarêp-arêp: n. pangajêng-ajêng k. kang diarêp-arêp; di-[x] ak: diarêp-arêp; kc. arêp.
pangargya: kw. pakurmatan.
pangaribawa: kw. prabawa, daya.
pangarih: kn. ak. wong wadon kang dadi kanthining pangantèn wadon; kc. arih.
pangaruh: kn. daya (pangawasa) kang ndayani.
pangaron: kn. kuwali gêdhe dianggo ngaru lsp.
pangarsa: kn. pangarêp, presidhèn.
pangarsa-arsa: kw. pangarêp-arêp.
pangasahan: kn. kang dianggo ngasah ut. ngasahi.
pangasih: kn. wiron jarit kang ana ing jêro (ingiringan).
pangasihan: kn. aji (donga lsp) supaya disihi; kc. asih.
panga(ng)silan: kn. pamêtu, olèh-olèhane nggaota; kc. asil.
pangason: kn. papan kang dianggo ngaso.
pangaturan: êngg. pc. tatanan, aturan.
pangastawa, pangastuti: kw. pamuji, pangalêm, pangabêkti.
pangawak: kn. mawa sipat wêwatakan, up. [x] setan.
pangawasa: kw. panguwasa.
pangawat: kn. ak. 1 panjawat; 2 pangirit.
pangawikan: kw. kawruh, sêsurupan.
pangawin:(-an) kn. ak. bngs. tumbak dianggo ngarak ut. ngiring.
pangawula:(n) kn. pangabdi marang; kc. kawula.
pangawon-awon: k. pangala-ala.
pangawruh: kn. ak. kawruh, sêsurupan.
pangde: kw. ak. panggawe.
pangèdhêpan: kw. aji kanggo nêlukake mungsuh; kc. èdhèp.
pangèksi: kw. pandêlêng.
pangeling-eling: n. pangèngêt-èngêt k. sarana lsp. kang dianggo ngeling-eling.
pangemut-emut: k. ak. pangeling-eling.
pangèmpêr: kn. ak. pêpadhan, têtimbangan; kc. èmpêr.
pangèn: k. pangon; [x]-an k: pangonan.
pangèngèran: kn. pangabdi marang; kc. ngèngèr.
pangeran: kn. 1 Gusti (panyêbut marang Allah); 2 ak. bêndara (panyêbut marang pandhita); 3 ([x] arya, [x] putra, [x] sêntaya)[3] sêsêbutaning darah luhur (putraning ratu, sêntana kang diangkat putra lsp). di-[x]: dipundhi-pundhi kaya dene Allah.
pangeran adipati arya: kn. sêsêbutaning Mangkunagaran lan Pakualaman.
pangeran adipati anom: kn. sêsêbutaning putrane ratu kang bakal gumanti nata.
pangeran pati: kn. kc. pangeran adipati anom.
pangeran angabèhi:(-bèhi) kn. sêsêbutaning putraning ratu kang sêpuh dhewe (miyos saka garwa ampeyan).
pangèstu: kn. bêrkah, pandonga.

pangetan: sa-[x] kn. kabèh kang kalêbu golongan wetan; di-[x]-ake: diingsêt (diêlih lsp) mêngetan; kc. wetan.
pangewan-ewan: kn. (dadi [x]) dadi akèh wong kang padha ewa.
pangêban: kn. pangayoman, pandhêlikan.
pangêbang: kn. ak. ganjaran kang bakal diwènèhake; kc. bang.
pangêdol: n. panyade k. ênggone adol, olèh-olèhane adol.
pangêla-êla: kn. patrap, têtêmbungan lsp. manis; kc. êla.
pangêlêt: êngg. ak. sewan.
pangêndhang: kn. niyaga kang nabuh kêndhang.
pangêpean: kn. ak. pamepean.
pangêrèn: kn. ak. papan kang akèh êrine.
pangêrêt: kn. ar. peranganing balungan omah wujud balok (kayu) pambênggangaing cagak.
pangêrta: êngg. k. dhuwit.
pangêrti: n. pangêrtos k. pathining surasa (têgês); kc. êrti.
pangêcapan: kn. papan kang dianggo ngêcap.
panggah: êngg. kn. 1 kukuh sêntosa; 2 ora owah gingsir; di-[x]-i ak. dikukuhi, disêntosani.
panggayuh: kn. patrap lsp. ênggone nggayuh, apa-apa kang digayuh.
panggal:(-an) êngg. kn. gangsingan; [x]-an êngg: dolanan gangsingan; kc. kêpanggalan.
panggalih:(-an) ki. ati, pikir(-an); di-[x] ki: dipikir.
panggampe: êngg. kn. èmpèr (-tambêlan), omah cilik.
panggantungan: kn. papan ut. piranti kang dianggo ngukum gantung.
panggang: kn. kang diratêngi (diolah) sarana digaringake ing gêni, up. roti [x]; di-[x]: digarang, dipanasi (digaringake) sarana katumpangake ing gêni; [x]-an: 1 kang wis dipanggang, ênggone manggang; [mang...]
--- 469 ---
[...gang;] 2 pc. piranti dianggo manggang, garangan.
panggape ~ pangkêluk.
panggangpe: kn. èmpèr (-tambêlan), omah cilik.
panggaota:(-n) kn. pagawean, panggawean.
panggawa: n. pambêkta k. 1 patrap lsp. ênggone nggawa; 2 ([x] saka) wis gawan saka sabab dening dhasaring wêwatakan (kaanan); kc. gawa.
panggawangan: êngg. kn. gawangan (dianggo mbathik).
panggawe: n. pandamêl k. 1 cara lsp. ênggone gawe, patraping gawe; 2 ak. kalakuan, tindak-tanduk; 3 ak. srana ut. donga kanggo mialani liyan (gawe lara lsp; di-[x]: disranani (dimantrani lsp) supaya lara, edan lsp; kc. gawe.
panggawean: n. pandamêlan k. apa-apa kang ditindakake kanggo panggaotan; kc. gawe.
panggenan: k. panggonan.
panggèndèng: kn. (daya [x]) daya panarik; kc. gèndèng.
panggêdhe: n. pangagêng k. lêlurah, kang dadi pangarêp, dhêdhuwuran; dipanggêdhèni: dilurahi, dipangarêpi; kc. gêdhe.

panggêh: kw. panggah.
panggêl: kn. 1 cêndhak kaya gondhokên (tmr. gulu); 2 tangane diukêl banjur disawang (patraping jogèd).
panggêndèr: kn. niyaga kang nabuh gêndèr.
panggêng: êngg. kn. 1 ora owah gingsir; 2 lêstari (ora owah-owah); kc. langgêng.
panggêsangan: k. panguripan.
panggih: k. têmu; dipun [x] k: ditêmu.
panggil: I pêpanggil kn. ak. panjaluk (ing bocah wadon nalikane dilamar lsp). II (layang) [x]-an pc: (layang) pangundang.
panggilingan: kn. papan ut. piranti nggiling.
(panggya): kw. têmu.
panggugat: n. panggigat k. gugat, kêlah.
(pangguh): ke-[x] kw. kêtêmu.
(panggul): di-[x] kn. digawa katumpangake ing pundhak.
panggulawênthah: kn. cara ut. pratikêle nggula wênthah.
panggulu: kn. anak kang kapindho; kc. gulu.
panggung:(-an) kn. 1 omah kang dhuwur (nganggo lotèng); 2 mênara; 3 omah-omahan cagake dhuwur gladhage (jrambahe) ora kambah lêmah; 4 êngg. kêlir kang wis tinata dianggo wayangan; 5 êngg. gantangan manuk.
panggunggung: kn. 1 ak. pangalêm; 2 ênggone nggunggung; kc. gunggung.
panggok: I êngg. kn. gubug nganggo panggungan. II di-[x]-i pc: diênggrêg-ênggrêgi, dipagoli; kc. kêpanggok, manggok.
panggonan: n. panggènan k. papan, padunungan; kc. ênggon.
panggorèngan: kn. wajan lsp. dianggo nggêgorèng.
panggorohan:. 1 gunêman kang ora nyata, prakara kang ora nyata; 2 êngg. pc. gugun-tuhon;[4] kc. goroh.
panggorokan: kn. ak. (graji [x]) graji tanganan.
panggota:(-n) pc. panggaota(-n).
panggrajèn: kn. papan kang dianggo nggraji; kc. graji.
panggraita: kn. angên-angên; kc. graita.
panggrayang: kn. pangrasa nalika nggrayangi; [x]-an: 1 rasa (nalika digrayangi); 2 pandakwa ala; kc. grayang.
panggrêsah: kn. pasambat.
pangidul: sa-[x] kn. kabèh kang klêbu ing wêwêngkon kidul; di-[x]-ake: diingsêt (diêlih lsp) mêngidul.
pangidhupan: êngg. pc. panguripan.
pangilèn: I kn. ilèn-ilèn banyu; kc. ili, mili. II kn: pangungsèn; kc. ili, ngili. III k: pangulon; kc. kulon.
pangilon: kn. paningalan ki. kaca piranti dianggo ngilo.
pangimaman: kn. sênthongan ing mêsjid papane imam sêmbahyang.
pangimanan: pc. pangimaman.
pangimbaran: kn. papan sangarêping mimbar ing mêsjid.
pangimpèn: kn. (ing [x]) ing sajroning ngimpi.
panginang: sa-[x] kn. ak. sasuwene wong nginang.

pangindhung: kn. wong kang ngindhung ing pomahaning liyan lsp; kc. indhung.
panginêpan: n. panyipêngan k. omah (papan) dianggo nginêp; kc. inêp.
panginggil: k. pandhuwur.
pangirid: kn. 1 ak. kewan kang nggèrèd grobag lsp; 2 wong kang ngirid, panuntun;kc. irid.
pangirim: n. pangintun k. 1 wong kang kirim (ngirimake); 2 barang kang dikirimake; kc. kirim.
pangiring: kn. wong kang ngiring, abdi; kc. iring.
pangiritan: kn. mangsa lsp. ngirit (nggêmèni).
(pangisor: n. pangandhap k.) sa-[x]: kabèh kang kalêbu golongan ingisor; di-[x]-ake: diudhunake; kc. sor.
pangiwa: kn. 1 kang kalêbu ing sisih kiwa; 2 kawruh lsp. kang nyimpang saka karsaning Allah; 3 êngg. gêbayan desa.
pangiwal: kn. pamancal.
(pangkal): di-[x]-i êngg. kn. dialang-alangi; [x]-an: 1 alangan; 2 êngg. babagan (saèm. palabuhan).
pangkarag: mak [x] kn. sanalika njêgrag wulune.
pangkat: I kn. 1 (ut. pêpangkatan ak) perangan, golongan; 2 kalungguhan, drajat; 3 kêlas; 4 (a-[x]) duwe kalungguhan ut. drajat; di-[x] ak: diwènèhi pangkat; di-[x]-[x] ak: diperang-perang pêpangkatan. II kn: 1 ênggone mangkat; 2 êngg. mangkat.
pangkat desa: êngg. prabot (punggawa) desa.
pangkèng: pangking (C) êngg. kn. sênthong paturon.
pangkêlang-pangkêlung: kn. ak. ora lêmês, atos.
pangkêluk: kn. plêngkungan (tmr. garis
--- 470 ---
lsp); pating [x]: padha mbêngkêluk; di-[x]-ake: dibêngkuk, dibêngkêlukake.
pangkêlung ~ pangowêl.
pangkêlung: kn. ak. pantêlung (ing pang lsp); di-[x]-ake ak: ditêlungake, dipantêlungake.
pangkêrêdan: kn. tansah mêngkêrêd.
pangkirig: mak [x] kn. sanalika njêgrik wulune (marga wêdi lsp).
pangkling: êngg. pc. pangling.
(pangku): di-[x] kn. 1 dilinggihake (disèlèhake) ana ing sadhuwuring pupu (ing nalikane linggih); 2 ak. dirèhake lan dikuwasani; 3 ak. disangga (dijaga) ing sakabutuhane, diajangi (tmr. wong duwe gawe mantu lsp); kc . mangku, pangkon.
(pangkuk): amangkuk kw. ak. ndhodhok.
(pangkul): di-[x] êngg. kn. dirangkul, digawa.
pangkur: kn. 1 ar. têmbang macapat; 2 ar. iwak sêgara.
pangkon: kn. 1 sadhuwuring pupu sakarone (tmr. wong linggih); 2 (sa-[x]) sarancak (tmr. gamêlan); 3 pc. patèn (...);[5] kc. pangku.
pangkorog: mak [x] kn. sanalika njêgrag wulune.

(pangkring): di-[x] pc. diunggahake (diundhakake) rêgane; kc. plangkring.
panglah: kw. pasambat.
pang-lap: pc. landhêp (mandi) bangêt.
panglari: êngg. kn. blandar.
panglarisan: kn. ak. srana (sarat) njalari laris.
panglangkung: êngg. k. panglawe.
panglawe: kn. ak. ar. pangkating priyayi.
panglèkèk: êngg. kn. pajêg mragad raja-kaya; kc. klèkèk.
panglèlèran: kn. (watu [x]) watu dianggo nglèlèr mas.
panglêng: kw. panyawang marang.
panglima: kw. ak. senapati.
panglimunan: kn. aji murih bisa ngilang (pangilangan).
panglindhungan: kn. ak. pandhêlikan, pangauban, pangungsèn.
pangling: I kn. lali rupane (wujude); ora [x]: ngêrti têmênan marang, ora kêsamaran, isih kèlingan wujude (rupane); manglingi: njalari pangling. II kw: anggone clathu; kc. ling.
panglipur: kn. kang njalari lipuring ati.
pangliwêt: kn. 1 ak. ênggone ngliwêt; 2 (sa-[x]) ak. sasuwene wong ngliwêt; kc. liwêt.
pangluh: kw. pasambat; kc. angluh.
panglus: kn. ak. piranti dianggo ngêlus.
(pangloh, pangluh): di-[x] êngg. diundhamana.
panglong: kn. ora katon wutuh (tmr. rêmbulan).
pangloropan: kn. kang dianggo ngloropake; kc. lorop.
panglocita: kw. gagasan, pangrasaning ati.
pangu: sa-[x] kw. sadhela.
pangudakara: n. pangudakawis k. ak. pangira.
pangudarasa: n. pangudaraos k. kw. gagasan, pangrasaning ati.
pangudasmara: kw. gagasan, pangrasaning ati.
pangukan: êngg. kn. pangungakan; kc. ungak.
pangukuman: kn. ak. piranti ut. panggonan dianggo ngukum.
pangul: kn. pongol, watu ut. karang kang mongol.
pangulu: I kn. 1 ([x]-ning agama) pangarêping agama, imam; 2 panggêdhening punggawa mêsjid; 3 ([x] landrat) warganing pangadilan landrat kang binubuhan nyumpah lsp. II kn. ak: anggone ngulu; kc. ulu.
pangulu banyu: êngg. ak. ulu-ulu.
pangulon: I kn. omah ut. kantoraning pangulu. II n. pangilèn k. sa-[x]: kabèh kang kalêbu wêwêngkon ing kulon; di-[x]-ake: diingsêt (diêlih lsp) mêngulon; kc. kulon.
pangungakan: kn. papan (ing bètèng lsp) dianggo ngungak.
pangungapan: kn. ak. pangungakan.
pangungun: kn. rasa gumun; kc. ngungun.
pangungrum: kn. wêtuning têtêmbungan manis mratelakake sih.
pangungsèn: kn. papan lsp. kang dianggo ngungsi.
pangupaboga: kw. panggawean, panggaotan.

pangupajiwa: kw. panggawean, panggaotan.
pangupaya: kw. ênggone golèk; kc. upaya.
pangupakara: kn. cara lsp. ênggone ngupakara.
pangupaksama: kw. pangapura.
panguparêngga: kw. asrèn-asrèn lan rêrênggan.
pangur: êngg. kn. 1 tatah cilik; 2 pasah; di-[x]-i êngg: dipasahi (untune).
panguripan: n. panggêsangan k. 1 kang njalari urip; 2 panggaota, pagawean; kc. urip.
pangus lêngus: kw. brangasan, nêpson; kc. lêngus.
pangusungan: kn. kang dianggo ngusung; kc. usung.
pangucap: kn. ak. gunêm, têtêmbungan; kc. ucap.
pangucalan: êngg. k. pamulangan.
panguthik-uthik: êngg. kn. bngs. lading mbêngkêluk pucuke.
panguwasa: kn. wêwênang nguwasani.
pangobèng: kn. wong kang buruh ngobèng.
pangobong: n. pambêsmi k. ênggone ngobong; [x]-an n. pambêsmèn k: papan, piranti lsp. kang dianggo ngobong; kc. obong.
pangombèn: kn. pangunjukan ki. wadhah, gêlas lsp. kang dianggo ngombe.
pangon: n. pangèn k. wong kang angon rajakaya lsp; [x]-an: palêmahan kang dianggo ngêngon rajakaya lsp.
pangongangan: kn. ak. pangungakan.
pangot: kn. bngs. lading pucuke lancip.
pangowêl: kn. rasa eman; kc. owêl.
--- 471 ---
pang-pèl ~ parah.
pang-pèl: êngg. kn. pang kang mung tumancêb ing kulit.
pang-pung: êngg. kn. pang garing.
pangran: kw. pangeran.
pangrantunan: kn. 1 wêktu ngaso lan mangan; 2 papan kanggo nata pangan kang diladèkake (nalika pista).
pangrasa: n. pangraos k. 1 rasa rumasa ênggone ngrasakake; 2 pangira, panêmu mungguh ing; kc. rasa.
pangrasak: êngg. kn. bêbungah marang kaum lsp. (nalikane ngijabake).
pangrèh: kn. 1 cara lsp. ênggone ngêrèhake; 2 kang ngêrèh, kang mangarêpi pakumulan lsp.
pangrèh agung: kn. pangrèhing palumpulan kang baku (dudu pangrèhing cabang).
Pangrèh Luhur: kn. pamarentah (Gupêrmèn, nêgara).
pangrèh praja: kn. priyayi kang ngêrèh wong cilik (B. B.).
pangrêbab: kn. niyaga kang nabuh rêbab.
pangrêmbe: (bumi [x]) kn. ak. sawah (palêmahan) kagunganing ratu; abdidalêm [x] ak: ar. priyayi abdidalêm kraton; garwa [x] ak: sêlir, klangênan.
pangrêngkuh: kn. anggone ngrêngkuh; kc. rêngkuh.

pangrêsaya: êngg. pc. panjaluk tulung.
pangrik: kw. ênggone nywara ngêrik (jaran lsp).
pangrungrum: kw. kc. pangungrum.
pangrungu: n. pamirêng k. 1 pancadriya kang dianggo ngrungu; 2 ênggone ngrungu; 3 ana kang dirungu (dirungokake); kc. rungu.
pangsi: (C) kn. sutra Cina.
pangsit: (C) kn. ar. lêlawuhan Cina.
pangwasa: kw. panguwasa.
paugêran: kn. wêwaton, pathokan; kc. ugêr.
pauyuhan: kn. ak. wadhah uyuh.
pauk-pauk: êngg. kn. mbêngok njaluk tulung; di-[x]-i êngg: dibêngoki.
paukuman: kn. pidana saka ing pangadilan; kc. ukum.
paul: êngg. kn. biru ênom.
paung-paung: êngg. kn. tansah ngolah-ngalih; kc. kêpaung.
Paus: (Kangjêng [x]) kn. Raja Pandhita ing Rum (agama Katulik).
pausur: kn. ak. ar. pajêg.
paut: êngg. 1 kn. cocog, patut; 2 (sampun [x]) k. wis tau.
pao:(-pao) (C) êngg. kn. kanthongan wadhah dhuwit (têmbako lsp).
paok: êngg. kn. bodho, ora aji.
paolan: kn. ak. palilah ora nindakake.
paoman: kw. sanggar pamujan.
paos: k. 1 pajêg; 2 êngg. dawa; 3 êngg. pae (beda).
papa: I (S) kw. 1 nistha, ala, 2 cilaka, sangsara. II ora [x] pc: ora apa-apa.
(papag): di-[x](-i) kn. dipêthuk; di-[x]-i ak: dilêksanani (tmr. pangarêp-arêp, panjaluk); di-[x]-ake: dipêthukake; [x]-an: pêthukan.
papah: kn. gaganging godhong gêdhang (blarak lsp).
papahan: êngg. kn. paga.
papak: I kn. 1 ora lancip; 2 wrata ora ana kang nyongat (mbrênjul); 3 ent. babag, lamak, padha karo; kc. mapak. II di-[x] kw. ak. diarih-arih, dirêrêmih.
papal: I ut. di-[x] kn. dikêthoki dicêndhakake (tmr. rambut lsp). II di-[x]-i êngg. ak . dipadoni (tmr. dhawuh, prentah), dialang-alangi (diwurungake, tmr. rêmbug lsp).
papaka: (S) kw. ak. grêma.
papan: I kn. 1 panggonan, ênggon; 2 êngg. pc. blabag; 3 blabak lsp. pêsagi dianggo dolanan dham-dhaman lsp; 4 êngg. blabag digambari (ditulisi) cathêtan bab mangsa, tanggal lsp; di-[x]-ake: didunungake ing; kc. mapan. II kw: tamèng.
papar: êngg. ak. papak, wrata; di-[x]-i: dirata.
(papas): di-[x] kn. 1 ak. dipunggêl, dikêthok pucuke; 2 disirnakake, dirusak; 3 dipêdhot (tmr. gunêman lsp).
papasan: kn. ar. têtuwuhan lan wohe, ar. manuk.
papat: n. sakawan k. wilangan 4; kc. pat.
papeka: kw. sêmbrana (ora ngati-ati).
papon: kn. wadhah ênjêt (ing wadhah kinang); kc. apu.
(papral): di-[x] êngg. kn. dipapal.

paprangan: kn. papan kang dianggo pêrang; kc. prang.
(papras): di-[x] êngg. kn. dipapas.
paprêman: kw. paturon.
papriman: kn. ak. ngêmis; kc. priman.
pappringan: kn. panggonan kang akèh pringe.
par: êngg. kn. pèrès (papak) karo; kc. papar.
para: I kn. panêrang kang mratelakake akèh, up. [x] bupati; [x] (kang) ...: wong-wong kang ... II kn: (-têlu, -pat, -lima, -nêm lsp): 1/3, 1/4, 1/5, 1/6 lsp; di-[x] (-têlu, -papat lsp): dibage (diperang) (dadi 3, 4 lsp); di-[x]-[x] (pêparanan ak): diperang-perang, diprinci-princi; kc. paran. III kn: ora adèn-adèn, ala jinise, up. piring [x]. IV pêpara kw: lêlungan midêr-midêr (mbêbêdhag, cangkrama lsp); diparani n. dipunpurugi k. ditêdhaki ki: dicêdhaki, ditêkani; kc. paran, mara. V kw: kowe, -mu; kc. pakênira. VI pc: rada ...; kc. kêpara. VII kn: bakul ngêdolake mas-intên lsp; pêpara: bêbakulan mrana-mrana. VIII êngg. kn: paga.
(parab): pêparab kn. ak. jênêng; di-[x]-i: 1 êngg. diwènèhi jênêng liya; 2 br. dijênêngi, diarani; [x]-an êngg. jênênge liya (jênêng pêpoyok lsp).
parajaya: (S) kw. kalah, kasoran; kc. prajaya.
parag: kn. ak. trajang, têrak; ke-[x]: kêtrajang ing (ama lsp).
parah: I êngg. kn. bngs. tenggok dianggo takêran. II di-[x] kw: disigar. III [x]-[x] (ut. pêparah) kn. ak: 1 nganggo dipikir (êmpan papan); 2 walak-walak, miturut kaanane.
--- 472 ---
parahita ~ pari.
parahita: (S) kw. ak. trêsna asih marang pêpadha.
parak: I êngg. pc. ênêr, arah; di-[x]-ake n. dipunpurugakên k: 1 digawa mênyang ing; 2 diênêrake marang; 3 dijalari, disêbabake; kc. paran. II di-[x] kn. diadhêp (disowani) ing wong wadon; kc. kêparak.
parakan: êngg. kn. blumbangan dianggo ngingu iwak.
parakasak: kn. ak. pangrasak.
parakirna: kn. ak. palakirna.
parakrama: kw. 1 kakêndêlan; 2 pakurmatan; 3 laki-rabi; kc. palakrama.
parama: (S) kw. ak. kang pinunjul (-pêrlu, -linuwih).
paramakawi: (S) kw. 1 pujangga linuwih; 2 putus ing kawruh basa (kêkarangan).
paramarta: (S) kw. 1 ak. luhur panjangkane; 2 ambêk wêlasan, bêcik bêbudène.
paramasastra: (S). 1 kw. ak: kawruh luhur (linuwih); 2 kn. wêwaton bab panulis sarta tatananing têtêmbungan ing basa.
paramastuti: (S) kw. ak. pamuja, panyêmbah.
paramarêsi: (S) kw. ak. pandhita linuwih.
paramatatwa: (S) kw. ak. kanyataan luhur.
paramean: kn. ak. kasênêngan, kasukan; kc. rame.
paramèng basa: kw. putus ing babagan basa.
paramèng kawi: kw. kc. paramakawi.

paramèswara: (S) kw. ak. ratu.
paramèswari: (S) kw. ak. ratu putri, garwaning ratu.
paramèsthi: kw. dewa linuwih.
paramita: kn. juru rêmbug; kc. paranpara.
paran: I kw. 1 apa; 2 kapriye. II n. purug k: 1 (ing [x]) ing sajroning lêlungan, papan kang dianggo lêlungan; 2 ([x] marang) ênêring laku mênyang ing; di-[x]-i: ditêkani, dicêdhaki; kc. para, parak. III kn: etungan bab mara; pêparan: olèh-olèhane mara. IV br: pangeran.
paran-baya: kw. apa baya, gèk apa ta.
parandene: n. parandosipun k. ak. ewadene mêksa, suprandene.
paranpara:. 1 kw. panuntun, pangirid; 2 kn. juru rêmbug; kc. parampara.
paran tutuh:(-an) pc: (dadi [x]) ditutuh ing wong akèh.
paranyai: kn. abdi-wadon (tmr. para luhur).
parang: I êngg. kn. karang, wadhas ing sêgara. II êngg. kn: pathèk; [x]-ên êngg: pathèkên. III êngg. kn: bêndho. IV ([x] rusak, [x] kêncana lsp) kn: ar. coraking bathikan.
parangmuka: kw. mungsuh.
parapadu: n. parapabên k. ak: pêpadon, pasulayan.
parapèn: kn. luwêng gêni ing kêmasan, pandhe lsp; kc. api
paras: I di-[x]-i kn: 1 br. dikêthok (êndhase); 2 dipêcèli (dioncèki) sêpête kang dhuwur disêdhiyakake yèn arêp diombe banyune (tmr. dêgan). II ki: cukur; [x] suci kn: cukur dianggo sarat yèn arêp dadi imam (Katulik). III [x]-[x] kw. ak: lading. IV êngg. kn: padhas.
parasdya: kw. niyat, karêp (maksud).
parasu: (S) kw. 1 wadung; 2 bangke.
parastra: kw. mati.
parat: I kn. bngs. patri. II ks: kêparat.
paratantang: kn. ak. sênêng kêkêrêngan.
paratra: kw. pati, mati.
paracampah: kn. ak. sênêng nyênyampahi.
paracidra: kw. sênêng laku cidra, ora nêtêpi jangji.
parawadulan: kn. ak. sênêng wêwadul.
parawan: kn. ak. prawan.
parawantên: êngg. kn. sajèn.
parawasa: (ka-[x]) kw. katawan ing mungsuh, kalah.
parbata: kw. gunung.
(pardi): di-[x] kn. ak. dipêrdi; kc. pêrdi.
pardika: kw. 1 aran; 2 têgês, makna: dipardikani kw: ditêgêsi, ditêrangake maknane; kc. pêrdikan.
parji: (A) kn. ak. pawadonan.
pare: kn. (-alas, -ayam, -ula, -wêlut) ar. têtuwuhan rambat sarta wohe saèm. bêstru.
pare-anom: kn. ijo lan kuning (coraking gêndera lsp).
pare karantan: kn. ar. gêlungan pucuke diklèwèrake.
parentah: kn. ak. 1 panguwasa, pangrèh; 2 dhawuh, pakon; kc. prentah.

parèsan: êngg. ak. 1 papan kang dianggo ngukum, kunjara; 2 wong kang diukum.
paresidhènan: kn. tlatah kang kabawah ing residhèn.
parewanan: pc. (nênindakake) ora kalawan têmên-têmên.
parêdèn: k. pagunungan.
parêk: êngg. kn. cêdhak; kc. marêk.
parêkan: kn. paranyai (ing kraton).
parêm: kn. bêbakan bêras kêncur lsp. dianggo mblonyo awak; di-[x]-i: diblonyo ing parêm.
parêmas: kw. sinulam ing bênang mas.
parêng: I kw. barêng; [x]-an kn. ak: kêbêrêran, pinuju; pêparêngan ak: pantaran; marêngi: mbênêri, bêbarêngan karo. II ([x] ing ngarsa) kn: lêga, sênêng; yèn [x] pc: yèn olèh (awèh, kêna); di-[x]-i ak: dililani, olèh; di-[x]-ake: olèh, dililani; kc. kêparêng.
parêpat: kn. 1 ak. batur; 2 ([x] desa) tangga desa; kc. panakawan.
parêpatan: kn. pakumpulan (srasehan).
parêpotan: êngg. kn. palapuran; kc. rêpot.
parêsikan: kn. ak. bêrsihan.
pari: n. pantun k. ar. têtuwuhan kang wohe ditutu dadi bêras; [x] jêro(-dalêm): pari kang tuwane luwih saka nêm sasi; [x] gaga: pari kang tinandur tanpa
--- 473 ---
diêlêbi banyu; [x] genjah: pari kang enggal awoh lan enggal tuwa; nandur [x] jêro pr: gawe kabêcikan marang liyan kanthi pangarêp-arêp bisaa olèh wêwalês.
paribasan ~ pasa.
paribasan: kn. têtêmbungan ut. ukara saèm. saloka nanging têgêse wantah dudu pêpindhan; diparibasani ak: ditrapi ing paribasan; diparibasakake: ditêmbungake nganggo paribasan.
paribawa:. 1 kw. panyamah, pangapêsan; 2 (ka-[x]) kw. kalah, kasoran; 3 kw. daya, prabawa, pangaruh.
paributa: (S) kw. ak. disêwiyah, dicêcamah.
paridan: kn. kerekan layar.
pariga: kw. gada, kênthès.
parigraha: (S) kw. ak. 1 nggêpok; 2 jodho, bojo; 3 ênggon.
parihasa: kw. ak. cêcampah, pêpoyok.
(parik): [x]-[x] êngg. ak. lêlarikan, jèjèr-jèjèr.
parikan: kn. 1 sêsindhenan ut. têmbangan mung rong ukara nganggo purwakanthi swara, up. abang-abang ora lêgi, tiwas magang ora dadi; 2 ukara nganggo têtêmbungan wangsalan, up. ora ngapêm landa (ora ngrêti, roti); sugih [x]-an pc: sugih reka, sugih ada.
parikêna, sêmbranan: [x] kn. arêp olèh apa-apa panêmbunge kanthi sêmbranan (kaya ora têmênan).
parikudu: n. parikêdah k. ak. kumudu-kudu, kudu.
parikrama: (S) kw. 1 mubêng-mubêng, midêr; 2 kalawan tatanan, ngênggoni subasita.
pariksa: kn. ak. kc. priksa.

(paril): di-[x] êngg. kn. wis pinêsthi.
parimana: (S) kw. 1 ukuran, takêran; 2 watês, wangênan.
parimarma, parimirma: kw. kawêlasan; kc. palimarma.
paring: (ut. pêparing) ki. 1 pawèh; 2 wèwèh; di-[x]-i(-ake) ki: diwènèhi(-ake).
paripadu: n. paripabên k. ak. pêpadon.
paripaos: êngg. k. paribasan.
paripêksa: kw. pamêksa, pêksa.
paripih: I di-[x]. 1 kw. dilipur sarana ditamani têmbung manis; 2 êngg. ditakoni lsp. kanthi alus asarèh; kc. pripih. II jimat [x] kw: jimat awujud têmbaga (mas, slaka lsp) blebekan ana kang mawa tulisan [...] [6]
paripuja: (S) kw. pakurmatan, pangaji-aji.
paripurna: (S) kw. 1 wutuh, ganêp; 2 rampung; 3 mari; kc. sampurna.
paripolah: kn. ak. solah tingkah, tindak-tanduk.
paris: I di-[x]-i êngg. kn. diirisi (tmr. krambil); [x]-an êngg. k: lading. II kn. ak: bngs. tamèng.
paritustha: (S) kw. bungah (marêm) bangêt.
paritrana: (S) kw. ak. pitulungan, pangayoman.
paricara:(-ka) (S) kw. ak. batur.
paricari: (S) kw. ak: batur wadon.
pariwada: kn. ak. panyampah, pêpoyok.
pariwara: I kw. wara-wara, pitutur. II (S) kw: batur, pandhèrèk.
paryangka: kw. ak. palungguhan.
parman: kw. sih kawêlasan (ing Allah).
parnah: kw. prênah, ênggon; di-[x] kw: didokokake, didunungake.
parnèl: pt. planèl.
paru: kn. kêbuk, maras.
parud: kn. piranti dianggo nisir krambil. lsp; di-[x]: disisir nganggo parud; [x]-an: kang wis diparud.
paruh: kw. cucuk.
paruk: êngg. kn. bngs. pêngaron.
parukunan: kn. ak. cocoging rêmbug; kc. rukun.
parul: kn. ak. parol.
parung: I kn. 1 jurang kang ora pati jêro; 2 êluking kêris; ke-[x] ak: kêcêmplung ing parung (jurang). II di-[x] êngg. kn: dibênêm, dibakar (tmr. tela lsp).
(parupuh): di-[x] kw. 1 digêbugi; 2 dipaprasi; kc. pupuh.
(parusa, parosa): di-[x] kn. ak. dipêksa; kc. prusa.
parusya: (S) kw. ak. kasar, (têmbung) bêngis.
paro: n. palih k. perangan kang sasisih (tmr. barang kang disigar lsp. dadi loro); di-[x]: 1 disigar (dibagi, diperang) dadi loro; 2 siji-sijine tampa saparo; diparokake: diêkon nanduri sawah lsp. pamêtune saparo edhang; kc. maro, paron.
parol: (W) kn. têtêmbungan kang dianggo patêmbayan.
paron: I kn. wêsi landhêsan (dianggo nggêmblèng). II n. palihan k: 1 kang wis diparo; 2 (ut. paron-paron) padha dene olèh saparo; kc. paro.

(parot): di-[x]-i êngg. kn. disimpêni, diumpêtake.
parotèn: kn. ak. panggonan tukang gawe roti.
parpat: br. parêpat.
parsada: kw. ak. kc. prasada.
parsudi: kn. ak. kc. pêrsudi, prasudi.
parswa: (S) kw. (lambung-, sikil-) gunung.
partidesa: êngg. kn. bêrsih desa.
partikêlir: (W) kn. dudu yêyasan nagara, dudu dhinês; [x]-an: cara lumrah (ora dhinês).
partisara: kw. piyagêm, layang katêrangan (dhiploma).
partiwa: (S) kw. ratu, mantri.
parwa: I (S) kw. ak. perangan, bab ing layang. II kw: paro.
parwan: kw. paron.
parwata: (S) kw. gunung.
pas: I ut. pasan êngg. kn. banjur, nuli. II (W) kn: layang olèh idin lêlungan, ngingu bêdhil lsp. III (W) kn: 1 trêp, ora kurang ora luwih; 2 cocog. IV kw. ak: bulus.
pasa: I n. siyam k. 1 ora mangan lan ora
--- 474 ---
ngombe; 2 sasi Ramêlan; kc. puwasa. II (S) kw. ak: kala, jirêt.
pasaban ~ pasèk.
pasaban: kn. papan kang dianggo sêsaba (kêrêp ditêkani).
pasabinan: k. pasawahan.
pasabrangan: kn. ak. papan kang dianggo nyabrang.
pasadon: kw. regol, gapura; kc. sadu.
pasadranan: kn. ak. 1 sêsaji ngirim kêmbang ing kuburan lsp; 2 papan kang suci (dianggo nyadran); kc. sadran.
pasaja: kn. 1 barès, tanpa rêrênggan lsp; 2 blaka; dipasajani kn: diblakani.
pasaji: kn. ak. sajèn.
pasadharan: êngg. kn. pasamuwan.
pasagèn: kn. kang wangun pasagi.
pasagi: kn. 1 wangun maju-pat; 2 êngg. pc. wis tata.
pasagi mbata [x] dawa n. ([x] mbanon, panjang k). lumah (raèn) pêsagi kang alang lan ujure ora padha.
pasagi miring: kn. raèn (lumah) pêsagi kang pojoke ora mangun 90º.
pasagi kubuk: kn. kang awangun dhadhon.
pasah: I kn. 1 bisa tumama (tmr. tamba, ent. tmr. wêwadul), bisa rumasuk karo wedange (tmr. tèh, kopi lsp); 2 (ora [x]) (ora-) têdhas ing (gêgaman lsp); 3 ar. piranti dianggo ngêlus kayu awujud kaya tatah kêlêbokake[7] ing undhuk; 4 (kêthik ki) ngêlus untu sarta dipapak pucuke; di-[x]: diêlus nganggo pasah; di-[x]-i: diêlus lan dipapak untune. II kw: pisah, pêgat. III kn: pêgatan kang dipêgatake dening pangulu lsp. marga saka panjaluke sing wadon.
pasak: kn. ak. 1 padhêt; 2 ajêg, têtêp ora owah; kc. pasêk.
pasakitan: kn. wong kang diukum (ut. kang kêna ing dakwa).
pasaksi: kn. ak. pasêksèn.

pasal: kn. bab (ing layang anggêr lsp).
pasalatan: kn. papan sêmbahyang, kawruh bab caraning salat (sêmbahyang).
pasalin: n. pasantun k. ak. pawèwèh awujud sandhangan sapangadêg isih anyar; kc. salin.
pasamiran: kw. paturon.
pasamunan: kn. papan kang sêpi.
pasamuwan: kn. 1 pakehan, paklumpukaning wong-wong sawêtara; 2 ak. pista mangan enak; 3 ak. kumpulan, srasehan; 4 gêgolonganing wong-wong kang padha tunggal agama (Protèstan), greja; 5 ([x] suci) Pakumpulan yasane Sang Kristus kang dipangarsani Kangjêng Paus ing Rum (Katulik).
pasanakan: pc. sêsanakan, sanak sêdulur; kc. prasanakan.
pasanjan: kn. papan kang disanjani; kc. sanja.
Pasantênan: êngg. k. Pathi.
pasantrèn: kn. 1 êngg. langgar; 2 pondhok kanggo sinau ngaji lan sinau agama Islam; kc. santri.
pasang: kn. 1 nata, atrap, ngêtrapake; 2 (ut. pasange) êngg. sêmune, katone kaya; di-[x]: 1 diêtrap(-ake), dirakit, ditata ing; 2 êngg. diêdêgake (tmr. omah lsp), ditata, disulêd (tmr. diyan lsp); 3 diunèkake (tmr. mriyêm lsp), dirakit (tmr. sapi, jaran lsp); di-[x]-i: ditrapake (ditata) dianggo srana maeka ut. mêngarah. II (sa-[x]) kn: sajodho (tmr. sêpatu lsp), sarakit (tmr. sapi lsp). III êngg. kn: rob, banjir.
pasang aliman tabe: br. pakurmatan mbagèkake (ing padhalangan).
pasangan: kn. 1 rakitan, tatanan; 2 angkul-angkul ing gulu sapi lsp. (kang dianggo nggêgèrèd); 3 piranti dianggo masangi tikus lsp); 4 êngg. pc. bata kang ditrap digawe tembok, bêbatur lsp; 5 aksara Jawa kang matèni wanda ngarêpe (dhuwure).
pasangan kosongan: (-kothongan) kn. bata (watu) kang dipasang tanpa diplêstèr.
pasang angkuh: pc. umuk, pambêkan.
pasang bêndera: kn. 1 ngêdêgake bêndera; 2 ent. nêdya ngraman, nêdya wani.
pasanggiri: kw. 1 sayêmbara nganggo ginantungan ganjaran; 2 pêpanggil.
pasanggrahan: kn. 1 omah sajabaning nêgara (kanggo palêrêpan panjênênganing nata ut. para agung); 2 omah panginêpan sadhiyan para priyayi kang lagi nindakake ayahan pêpriksa lsp.
pasang liring: br. mbalang liring (mlerok, nglirik).
pasang grahita: (-cipta) br. sumadhiya supaya bisa mangêrti.
pasang ulat:(-sêmu) kn. ngatonake ulate (sêmuning praèn) supaya dingêrtènana karêpe.
pasangon: kn. dhuwit sanguning lêlungan; kc. sangu.
pasang-rakit: kn. 1 (ut. pasang-wangun) tata pangrakiting gêgawean lsp; 2 pc. sêmuning praèn, katone.
pasang walat: kn. ngêtrapake walate marang.

pasapon: kn. bngs. pajêging wong dodolan ing pasar ut. warung (minangka opahaning nyaponi).
pasar: n. pêkên k. 1 papan kang dianggo dol tinuku barang-barang; 2 (sa-[x]) 5 dina; pêpasar kn. ak: mênyang ing pasar; [x]-an: 1 dina kang kèhe ana lima (Lêgi, Paing, Pon, Wage, Kliwon); 2 mangsa (dina) ing pasar mbênêri rame; 3 dolanan dol tinuku.
pasar-malêm: kn. karamean nganggo tontonan lsp. (ing wayah bêngi).
pasarean: ki. 1 paturon; 2 pakuburan (kramatan); kc. sare.
pasatan: kn. jarit dianggo têlêsan nalikane adus; kc. asat.
pasatowan: kn. petungan nyumurupi bêgja cilakane wong kang bakal dijodhokake lsp.
pasawahan: n. pasabinan k. kêklumpukane sawah-sawah.
paseba: n. pasowan k. ak. têka ngadhêp marang; paseban n. pasowanan k: 1 ayahan seba marang; 2 panggonan kang dianggo seba.
pasèh: kn. cêtha lan bêcik (ênggone ngucapake têmbung Arab, ngaji lsp).
pasèhat, pasèkat: kn. gunêman (ngaji lsp) bêcik.
pasèk: (A) kn. ak. tanpa agama.
--- 475 ---
pasendhean ~ pastur.
pasendhean: kn. ak. kang dianggo sendhean; kc. sendhe.
pasèran: êngg. kn. bngs. wadhah mawa payonan dianggo nggaringake kopi lsp.
pasèt, gosokan: [x] kn. ar. gosokan intên.
pasetran: kn. ak. papan pambuwangan mayit; kc. sedra.[8]
pasewakan: kw. paseban; kc. sewaka.
pasewan: kn. ak. sewan; kc. sewa.
pasêgahan: k. pasuguhan.
Pasêdhahan: êngg. k. Pasuruhan.
pasêk: kn. ak. padhêt; 2 ajêg, ora owah; di-[x] êngg: 1 diênêtake; 2 diurugi lêmah banjur dipadhêtake (tmr. sumur mati, bolongan lsp); 3 ks. dipêndhêm, dikubur, dipatèni.
pasêksèn: kn. 1 tandha yêkti, bukti katêrangan; 2 (ut. pasêksi) dhuwit minangka opahaning saksi (ning wong dol tinuku lsp); kc. sêksi.
pasêmon: kn. 1 wanguning praèn, polatan; 2 solah tingkah ut. têtêmbungan kang dianggo nyêmoni (awèh sasmita); 3 crita lsp. kang dianggo pêpadhan (upama); kc. sêmu.
pasêpèn: kn. ak. papan kang sêpi.
pasêpiran: êngg. kn. kunjara; kc. sêpir.
pasêr: kn. 1 ak. bngs. tumbak cêndhak ing buntare nganggo wulu yèn namakake ditlorongake; 2 dom (lêlandhêp) bongkote nganggo kapuk (wulu) dilêpasake sarana tulupan; 3 saèm. panah cêndhak ing cêdhak bedhor mawa bandhul dilêpasake sarana dibalangake; 4 êngg. ak. jarum jam; di-[x]: ditamani ing pasêr; [x]-an: dolanan pasêr (nganggo totohan).
pasêtrèn: kn. ak. paèstrèn.

pasih: êngg. kn. ajaran, juringan (ing wowohan).
pasihan: kn. lagi padha sih-sinihan (tmr. pangantèn anyar); 2 ak. kêkasih; 3 tandhaning sih; kc. asih, sih.
pasiyar: kn. ak. bêsiyar.
pasiyun: pc. pansiyun, pènsiyun.
pasik: kn. tanpa agama; kc. pasèk.
pasikon: kn. 1 ak. sikon; 2 ki. wêdhung; 3 êngg. pc. wanguning praèn; kc. siku.
pasilan: I kn. ak. linggih sila, pajagongan; kc. sila. II pc: pangasilan; kc. asil.
pasimpênan: kn. kang disimpên ut. kang kanggo nyimpên.
pasinaon: kn. 1 piwulang; 2 babagan sinau, kursus; kc. sinau.
pasindhèn: kn. wong kang nyindhèni gamêlan; kc. sindhèn.
pasingèn: kn. ak. papan nyithak (nyingi); kc. singi.
pasingidan: kn. ak. pandhêlikan; kc. singid.
pasir: kn. 1 wêdhi; 2 (ut. pêpasir) êngg. lêmah wêdhi, pawêdhèn (gunung wêdhi).
pasirah: kn. 1 ak. panggêdhe (lurah); 2 (pajêg [x]) pajêg kêpala.
pasiran: 1 (êndhog-) kn. (êndhog-) bulus sêgara; 2 êngg. k. gambir.
pasir-awukir: kw. mawa gumuk lan gunung-gunung.
pasiraman: ki. padusan.
pasisir: kn. 1 (palêmahan) pinggir sêgara; 2 tanah-tanah kang cêdhak karo sêgara; 3 tanah-tanah saurute sêgara Jawa (sêgara sisih lor); 4 pc. wêwêngkon sajabaning tanah kêjawan.
pasisiran: kn. nindakake ayahaning parentah mênyang sajabaning kutha.
pasitèn: k. palêmahan.
Paskah:(-an) kn. riyaya wungune Sang Kristus (agama Kristên).
(paskuwèl): di-[x] kn. ak. didakwa ala, ditibani layang budhêg.
pasu: I kn. balung ing poking irung (antaraning mata). II êngg. kn: palsu. III (S) kw. ak: kewan (sapi lsp).
pasujudan: kn. (lèmèk, panganggo lsp) kang dianggo sêmbahyang; kc. sujud.
pasugatan: kn. ak. pasuguhan, sêsuguh.
pasuguhan: n. pasêgahan k. ak. apa-apa kang disuguhake marang dhayoh; kc. suguh.
pasuk: kw. ak. lumêbu, lêbu; sa-[x]: sawêwêngkon, kang kalêbu ing; di-[x]-i kw: dilêboni, dianjingi.
pasukêtan: kn. palêmahan kang kathukulan sukêt.
pasulayan: kn. cêcongkrahan; kc. sulaya.
pasuluhan: kn. ak. suluhan.
pasumbang: kn. ak. sumbangan; kc. sumbang.
pasunatan: kn. ak. lading kang dianggo nêtaki (nyêmbêlèh).
pasung: I kn. 1 balung irung, poking irung; 2 ([x]-an) êngg. awangun kaya kukusan; 3 êngg. ar. panganan. II kw: pawèwèh, pisungsung; kc. asung.
pasungsung: kn. ak. pisungsung.

pasuryan: ki. 1 rai; 2 praupan.
pasucèn: (pasucian êngg.) kn: papan dianggo sêsuci (wulu).
paso: êngg. kn. bngs. jêmbangan gêdhe (wadhah banyu lsp).
pasobatan: pc. pamitran, mitra.
(pasog): di-[x]-i kn. dijogi dagangan lsp.
pasogan: I êngg. kn. pasimpênan; kc. sog. II kn. ak: papan dianggo nyoga; kc. soga.
pasok: kn. asok (mbayar) marang; di-[x]-i (-ake): dibayarake marang (tmr. pajêg lsp); [x]-an: bayaran pajêg lsp; kc. asok, sok.
pasokan: êngg. kn. bngs. jêmbangan.
pasowan: k. paseba; pasowanan k: paseban.
pasrah: kn. 1 mènèhake apa-apa marang; 2 ([x] pati-urip) wis kari sumarah marang; di-[x]-i: diwènèhi apa-apa dikon njaga lsp, dibubuhi nindakake, dikon ngrumati lsp; di-[x]-ake: diwènèhake (dibubuhake) marang; kc. asrah, srah.
pasrah ngalah: pc. pasrah ing Allah (sumarah marang takdir).
pasraman: 1 kw. patapan; 2 padununganing para pandhita Kristên (Katulik).
pasrangkara: kw. aruh-aruh (gunêman) kanthi sumèh.
pasrèn: kn. 1 rêrênggan; 2 êngg. ak. pajangan (sênthong têngah); kc. asri.
pastil: kn. ar. panganan (kuwih).
pastur: (W) kn. ngulama pamomonging wong-wong Katulik; [x]-an: omah panggonaning pastur.
--- 476 ---
pascima ~ patikèn.
pascima: kw. kulon.
pasthi: kn. ak. pêsthi.
pat: n. (sa-) kawan k. 4; kc. papat, patang.
pata: êngg. kw. supata, upata.
patadhahan: kn. bngs. tembor wadhah sandhangan lsp.
patagihan: kn. 1 panagih; 2 kumudu-kudu kêpengin mangan lsp. marga wis manuh (kulina); kc. tagih.
patah: I kn. ([x]-e) pancèn wis dhasare; di-[x]: dipiji dikon nindakake, ditanggênah. II kn: bocah wadon (-lanang) didandani cara pangantèn dianggo kêkanthining pangantèn. III kw: tugèl; di-[x] kw: ditugêl, diputung.
pataka: kw. 1 piala, duraka; 2 bilahi, bêbaya, kacilakan; 3 gêndera.
patakon:(-an) n. patakèn(-an) k. ak. pitakon(-an).
pataksi: kw. patakon.
patala: (S) kw. (alam sangisoring) bumi.
patalunan: êngg. kn. babadan ing pagunungan; kc. talun.
patamanan: kn. pakêbonan kang ditanduri kêkêmbangan; kc. taman.
patanèn: I kn. ak. babagan têtanèn; kc. tani. II kn: sênthong têngah.
patani: kw. paturon; kc. patanèn.

patang: n. kawan k. 4 (dianggo ing sangarêping têmbung aran, ut. ugêring wilangan), up. patang puluh, patang atus, patang sèn, patang rupiyah lsp.
patang-aring: kn. aling-aling singgêtaning sênthong têngah.
patangèn: kn. ak. ênggone tangi.
pataunan: êngg. kn. riyaya taunan ing desa.
patapan: kn. papan kang dianggo tapa (papaning pandhita); kc. tapa.
patar: I kn. bngs. kikir gêdhe; di-[x]: digosok (dilus) nganggo patar. II ut. [x]-an êngg. kn: tataran.
patarana: kw. palungguhan.
patarangan: kn. tenggok lsp. didokoki mêrang lsp. dianggo ngêndhog (tmr. pitik); kc. tarang.
patarèn:(-an) n. patarosan k. ak. juru rêmbug; kc. tari.
patatri: kw. ak. 1 manuk; 2 panah.
patbêlas: n. kawan-wêlas k. 14.
patèhan: kn. 1 bintang, teko lsp. praboting ngombe wedang tèh; 2 papan dianggo nyêdhiyakake wedang (tèh lsp); 3 ak. kêbon tèh.
patèk: I êngg. kn. pantèk. II ora [x](-na) pc: ora pati. .
patekah: kn. ar. bab kang kapisan ing kuran.
patèn: I 1 n. pêjahan k. ora kêna dibukak (dicopot, diowah-owah lsp) tmr. anjing-anjingan lsp, ditutup ut. ditingkêm (tmr. layang); 2 kn. ar. têtêngêr ing tuliasan Jawa; dianggo (digawe) [x]: dianggo bêbantên; kc. pati. II (W) kn: kang wis diayomi ing anggêring nêgara ora kêna ditiru lsp, tamba [x].
pateta-patete: kn. katon kumênthus (kumintêr).
patete: mak [x] pc. sanalika mêtu molèr; kc. mete.
patètèng-patètèng: (patèntèng-patèntèng) kn. solah tingkahe katon gumaib.
patêbon: kn. palêmahan kang ditanduri têbu.
patêdhan:. 1 k. ak. pangan (bayar, panguripan); 2 ki. ak. pawèwèh (marang sorsoran); dipatêdhani ki. ak: diwènèhi; kc. paring.
patêlêsan: kn. 1 pasatan (kang dianggo adus); 2 pc. jarit kang dianggo padinan.
patêmbaya:(n) kw. sêmayan; kc. têmbaya.
patêmbayatan: kn. ak. rêrukunan.
patêmbungan: kn. ak. têtêmbungan, pitêmbungan.
patêmon: n. pêpanggihan k. padha kêtêmu (kaklumpukan) omong-omongan; kc. têmu.
patêr: I kw. gludhug, blêdhèg. II kn. ak: (-gadhe, -pyun lsp) wong kang ngêpak gadhean, apyun lsp.
pati: I n. pêjah k. seda ki. 1 pisahing nyawa (sukma) saka ing badan wadhag; 2 ak. tanpa, ora nganggo, up. [x] diyan, [x] rasa; 3 ([x]-ning tanggal, -sasi) êntèking tanggal (-sasi); di-[x] n. dipunpêjah k: 1 br. dipatèni; 2 ak. (ditalèni, dikancing, ditutup lsp) têtêp ora bisa diowah-owah; dipatèni: 1 disirnakake uripe, digawe mati; 2 disirêp (tmr. gêni, diyan lsp); 3 ak. (ditalèni, dikancing, ditutup lsp) têtêp ora bisa diowah-owah; 4 disumpêt, dibuntu ditablêg (tmr. bolongan, kalèn,

dalan, sumur, tuk. lsp); 5 dicorèk (tmr. tulisan), ora dikanggokake (tmr. tulisan cathêtan lsp); 6 disigêg (tmr. aksara); dipatèkake: 1 digawe mati, diênêngake (diêntèni) nganti mati; 2 ditêtêpake ora diganti-ganti; 3 diênêngake bae, ora dikatutake; kc. kêpatèn, mati, patèn. II ora [x] n. botên patos k: 1 ora ... bangêt, mung rada; 2 (ut. ora [x]-[x]) ora bakal ... (yèn ora ...); [x]-[x] br: bangêt-bangêt; kc. kêpati. III (S) kw: ratu.
pati bogor: (diêdol [x]) êngg. diêdol têrus (ora kêna ditêbus).
patibrata: (S) kw. ak. sêtya ing bojo.
patiganan: kn. ak. wadhah kinang; kc. tigan.
patigawe: êngg. dhuwit minangka gêgêntining pagawean gugur-gunung lsp.
pati-gêni: n. pêjah latu k. 1 tanpa nganggo karamean lsp (tmr. mantu lsp); 2 nglakoni ora mangan ora ngombe ana ing sênthong bae (7 dina ut. luwih).
patih: (ut. pêpatih) kn. 1 priyagung kang nindakake paprentahaning nêgara (êmbaning ratu); 2 ar. pangkat sangisoring bupati.
patihah, patikah: (A) kn. ar. bab ing bêbukaning kitab kur'an.
patik: I kw. 1 abdi, batur; 2 kawula(aku). II kn. ak: plêtik, dlêmok; bêras [x]: bêras putih kang kacampuran bêras abang; di-[x] (ing intên) br: ditrapi mata intên; kc. kapatik, pinatik. III êngg. kn: pating.
patik-aji: kw. 1 abdining ratu; 2 kawula(aku).
patikbra: kw. kawula-dalêm (aku).
patikèn: kn. ak. kantor (panggonan) adol candu; kc. tike.
--- 477 ---
patikêlintên ~ pacak gulu.
patikêlintên: êngg. k. partikêlir.
patikêlir: êngg. pc. partikêlir.
patil: kn. lêlandhêp ing siwaring lele; di-[x]: 1 dicocok ing patil; 2 dilakèni (tmr. jaran).
patilasan: kn. papan (omah lsp) tilas kraton, patapan lsp. ing jaman biyèn; kc. tilas.
patilêman: k. paturon.
patiman: kn. piranti dianggo ngêtim; kc. tim.
pating: kn. têtêmbungan kanggo ana ing sangarêping têmbung kang atêgês pratingkah ut. kaanan ut. kang mawa sêsêlan l, r, mratelakake: 1 kabèh padha kadunungan kaanan (nindakake), up. [x] brêkuh, [x] glimpang; 2 babar pisan padha ... ut. bangêt, up. [x] sruwèk, [x] jluwog.
patinggi: êngg. kn. lurah desa.
patiurip: n. pêjah gêsang k. babagan mati tuwin urip.
patirahan: kn. papan kang dianggo tirah.
patirtan: kw. padusan; kc. tirta.
patita: (S) kw. ak. tiba.
patitis: kn. cêtha lan têrang (tmr. têtêmbungan, gunêman lsp); di-[x]-ake pc: 1 ditamatake têmênan; 2 ditimbang-timbang, ditandhing; kc. titis.

patlikur: n. kawan-likur k. 24.
patlum: pc. patrum.
patlop, patlot: êngg. pc. potêlot.
patuh: I di-[x]-ake kn. dimanuhake, dikulinakake; kc. kêpatuh, matuh. II kn: 1 êngg. (sêsanggan, pagawean lsp) kang wis ditêtêpake, wong kang ajêg nindakake; 2 (lurah [x]) ak. lurah tabon.
patuk: kn. 1 ak. cucuk; 2 êngg. tatah; di-[x]: 1 ak. dicucuk; 2 ak. ditêmpuh, ditrajang; 3 êngg. ditatah.
patukangan: kn. babagan pagawean tangan; kc. tukang.
patuku: n. patumbas k. ak. panuku.
patukon: n. patumbasan k. ak: tukon., panuku; kc. tuku.
(patung): di-[x]-i êngg. ak. diiloni bathon têtuku (dêdagangan); [x]-an êngg. ak: bathon têtuku (dêdagangan); kc. matung.
patungkas: êngg. k. piwêling; kc. pitungkas.
paturan:. 1 kn. (layang lsp) kang diaturake marang dhêdhuwuran; 2 kn. gunêm kang katur marang; 3 êngg. ki. êmban-êmban; kc. atur, matur.
paturasan: ki. panguyuhan.
paturon: n. patilêman k. pasarean ki. (sênthong, ambèn lsp) kang dianggo turu.
patusan: êngg. kn. ilèn-ilèn (kalènan) banyu; kc. atus.
patut: kn. 1 (ut. pêpatutan) ak. rujuk, mupakat; 2 cocog, salaras karo; 3 pc. pantês, bêcik (prayoga); 4 mèmpêr karo kaanane (wujude); 5 (ut. patute, patutane) êngg. layak bae yèn, ayake; di(pê)[x]: 1 dicocogake karo, dilarasake supaya patut; 2 ak. ditata (dipacak, didandani) supaya bêcik; [x]-an: 1 sarwa patut (yèn mênganggo); 2 duwe anak karo, ênggone jêjodhoan duwe anak; kc. pantês, tut.
patuwas: kn. ak. pituwas (pêpulih gantining kangelan ut. rêkasa kang dilakoni); kc. tuwas.
patobat: kn. tandhaning tobat ut. kapok.
patohan: kn. 1 angèl dikalahake, mênangan; 2 pc. bangêt, kêluwih-luwih.
patoman: kn. têgal tom.
patontong, patotong: pating [x] pc. padha katon mêtu molèr dawa.
patopan: I êngg. kn. omah (ut. papan) dianggo ngabotohan. II kn. ak: prahara gêdhe; kc. topan.
patorongan: êngg. kn. patarangan.
patos, botên: [x] k. ora pati.
patoto: mak [x] pc. sanalika mêtu molèr dawa.
patra: I (S) kw. 1 godhong; 2 layang; anirna [x] pr: nyelaki prajanjian lsp. kang tinulis; ngreka [x] pr: malsu layang prajanjian lsp. II lênga (n. lisah k) [x] êngg. lênga pitroli.
patrajurit, patrayuda: kw. pêrang.
patralalita: kw. ar. têmbang gêdhe.
patraliyun: êngg. kn. (lênga [x]) lênga pitroli.
patramanggala: kw. ar. têmbang gêdhe.

patrap: kn. 1 tindak-tanduk, solah tingkah; 2 caraning nindakake (nggarap); 3 pc. cak-cakan ênggone nganggo (migunakake); 4 ak. wiwit tumindak (tumandang); di-[x] ak: diêcakake, ditindakake; di-[x]-i paukuman ak: diukum; di-[x]-ake ak: dicakake marang (tmr. paukuman lsp); [x]-an ak: ukuman; kc. trap.
patrasèli: kn. ar. kêmbang bngs. kênikir.
patrèn: kn. kang dipatri.
patrêm: kn. bngs. cundrik (kêris cilik).
patri: kn. campuran logam kang dianggo ngrakêtake logam (blèg, slaka lsp); di-[x], dipatrèni: dirakêtake nganggo patri.
patrum: (W) kn. jubungan isi obat lan mimis.
patrol: (W) kn. 1 (ut. patroli) nganglang njaga; 2 êngg. ak. rondha ing pakampungan (padesan); 3 (ut. patrolan) êngg. gêrdhu pajagan.
patros: êngg. k. patri.
patwa: (A) kn. ujaring ngulama ahli kitab.
paca: êngg. kn. sida.
pacak: kn. 1 (ut. [x]-an) solah-tingkah kang ginawe bêcik; 2 êngg. ak. wiwit, miwiti; 3 ([x]-e) pc. sêmune kaya; pêpacak) 1 wêwaton kang kudu diturut; 2 tatanan, larangan; 3 (pojok, sisih lsp) kang digawe wêwaton gawe maju têlu (tmr. ngèlmu wangun ut. ngèlmu ukur); di-[x]: 1 disèlèhake kanthi tata, ditata bêcik; 2 didandani (diênggoni rêrênggan lsp) supaya bêcik; 3 diêmot (disêbutake) ana ing (layang kabar, anggêr-anggêr lsp); 4 ditrap ana ing, didèkèk ing; di-[x]-i: 1 êngg. diparasi (tmr. dêgan); 2 dilarangi, dianggêr-anggêri; [x]-an: 1 kang dipacak; 2 rêrênggan; 3 êngg. pc. mênganggo sarwa bêcik; kc. macak, pancak, pacêk.
pacak baris: kn. tata baris arêp nêmpuh ut. nanggulang mungsuh.
pacak gulu: kn. nglenggokake gulu (ing jogèd).
--- 478 ---
pacal ~ pathethah-pathèthèh.
pacal: kn. ar. iwak loh; 2 êngg. bngs. patar.
pacalang: n. pacambêng k. 1 ak. prajurit kang ndhisiki lakuning baris; 2 êngg. ak. bngs. pulisi ing desa; kc. calang.
pacandon: kn. ak. panggonan adol candu.
pacanthèlan: êngg. dhukuh.
(pacang): di-[x]-[x] kn. ak. digadhang-gadhang; di-[x]-ake: digadhang bakal dijodhokake (didadèkake bojo); [x]-an: calon bojo.
pacar: (-banyu, -cina, -kuku) kn. ar. têtuwuhan (pacar kuku sok dianggo ngabang kuku); di-[x]: diabang nganggo pacar kuku (tmr. kuku).
pacara: br. upacara.
pacar-wutah: kn. gotri (mimis) akèh dilêpasake barêng; di-[x]: dibêdhil nganggo pacar-wutah.
(pacas): di-[x] êngg. dipancas.
pacaton: êngg. kn. sawah kang digadhuhake minangka bayar; kc. caton.
pacawis: k. pacara.

pace: I kn. ar. wit sarta wohe. II êngg: pacak; kc. mace. III di-[x] pc: diapusi, diblithuk.
pacèran: êngg. kn. pacêrèn.
pacèt: êngg. kn. ar. dolanan bocah nganggo kêmiri.
pacètan: êngg. kn. pacitan.
paceca-pacece: kn. sajak kumênthus.
pacêh: kw. ak. gumuyu latah-latah.
pacêk: I êngg. kn. bngs. pathokan, sindik gêdhe; [x]-an: bngs. tumbak cilik; kc. pamacêk. II êngg. kn: 1 oyod lajêr; 2 aluran (ing turun). III [x]-ên êngg. kn. lara ing dhadha pating slêngkrang. IV pêpacêk êngg. kn: pêpacak; di-[x]-i êngg: dipacaki (dilarangi, dipacuhi); kc. pacak. V êngg. kn: pacêt (bngs. lintah).
pacêklak: ak. pacêklik kn. mangsa larang pangan.
pacêl: kn. 1 pantèk (sindik) gêdhe; 2 pc. sêntosa, patohan; di-[x]: dipantèk, disindik nganggo pacêl; di-[x]-ake êngg: dilêbokake ing.
pacêlathon, paclathon: n. pawicantênan k. pagunêman; kc. clathu.
pacêncêngan: êngg. kn. pathênthêngan.
pacêngès, pacêngis: mak [x] kn. ak. sanalika ngguyu mringis.
pacêrèn: kn. jogangan lsp. pambuwangan banyu rêgêd.
pacêt: kn. 1 bngs. lintah cilik; 2 ar. lêlara; 3 gacuke tiba lêt sapêcak karo gasangane (tmr. dolanan bèngkat).
pacima: kw. kulon.
pacina: kn. ak. jaman pêrang (kraman) Cina ing Kartasura.
pacing: kn. ar. têtuwuhan bngs. glagah nanging wite êmpuk bangêt.
pacingkaran: êngg. kn. mênjila, misah.
pacir: kc. pocar-pacir.
pacira: êngg. kn. èmpèr.
paciri: kn. ak. ciri, têngêr.
pacitan: kn. nyamikan (panganan kang dipangan nalikane wedangan lsp); dianggo [x] omong pc: dianggo sambèn omong.
pacical-pacicil: kn. pandêlak-pandêlik matane.
(pacuh): pêpacuh kn. larangan, wêwalêr; di-[x]-i: dilarangi, diwalêri.
pacuk, pacok: êngg. pc. congkok (tukang ngrêmbugake wong kang arêp jêjodhoan); di-[x]-i êngg. pc: dilantarake ênggone rêrêmbugan dol tinuku lsp; di-[x]-ake: disêmbranani dipacangake.
pacul: kn. 1 ar. piranti dianggo ngadhuk lêmah lsp. awujud wêsi pêsagèn landhêp digarani doran; 2 êngg. cucuk dhandhang; di-[x](-i): dikêdhuk lsp. nganggo pacul.
pacul bawak: kn. pacul kang wêsine nganggo urung kayu.
pacul jêjêg:(-unêt) êngg. kn. lêncèg, klênyêm.
pacul-gowang: kn. kang sasisih lowah ora tinutupan (tmr. wanguning omah, tudhung).
pacul kolong:(-slandhok) kn. pacul kang digawe wêsi sakolongane pisan.
paculan: (wong [x]) êngg. wong kang bêburuh gawe jugangan lsp.
pacumplêng: kn. ak. ar. pajêg omah.

(pacung): di-[x]-ake kn. ak. dituduhake marang, dipatah; kc. acung, macung.
pacuri: êngg. kn. pakarangan; kc. cêpuri.
pacuca-pacucu: kn. cangkême tansah mêcucu.
pacuthat: pating [x] kn. padha masêlat adoh
pacok-pacokan: pc. gênti macokake; kc. pacuk.
pacrabakan: kw. pamulangan.
patha: (S) kw. gêbêr ginambaran; kc. pêtha.
pathak: kn. 1 balung cumplung (tmr. kewan); 2 ks. êndhas; di-[x] pc: dibalang êndhase (nganggo barang atos).
pathakilan: kn. ak. tansah arêp mêmènèk (brangkangan).
pathangkrèk, pathangkrik, pathangkring, pathangkruk, pathangkrok, pathangkrong: pating [x] kn. padha linggih lsp. ana ing dhuwur (ing pang lsp).
pathangthang, pathanthang: pating [x] kn. padha linggih sikile dialangake.
pathathus: pating [x] pc. padha linggih njathus.
pathèk: kn. ar. lêlara kulit saèm. gudhig êmplèk-êmplèkan; [x]-ên: nandhang lara pathèk.
pathekol, pathêkêl: pating [x] kn. mawa daging atos kiyêng (tmr. lêngên lsp).
pathèngkol: pating [x] kn. ora lêncêng (tmr. pang lsp).
pathèngkrèkan: kn. linggih (ngadêg) ana ing papan kang dhuwur sêmu murang tata.
pathèngkrèng: pating [x] kn. padha linggih ing papan kang dhuwur (murang tata); di-[x]-ake: disèlèhake ing papan kang dhuwur.
pathèngthèngan, pathènthèngan: kn. umuk (kumêndêl, nantang lsp) tangane malang kêrik.
pathethah-pathèthèh: kn. ak. (linggih) sikile dijênggarake.
--- 479 ---
pathèthèk ~ pèdhêk.
pathèthèk: mak [x] kn. ak. linggih sikile sanalika dijênggangake.
pathêk: êngg. kn. pathok(-an).
pathêkêl: kn. kc. pathekol.
pathêngkukan: kn. ak. (linggih) mbungkuk.
pathêngkrêng: pating [x] kn. mung tansah padha linggih bae (ora tumandang).
pathênthêng: pating [x] pc. padha abuh mênthêng-mênthêng; [x]-an: katon mêmpêng bangêt.
pathês, dêrês: [x] êngg. pc. dêrês bangêt (tmr. udan).
pathêt: I di-[x] kn. 1 ditarik kêncêng (ora diulur); 2 ak. dicandhêt, dipênggak, ora diuja; 3 êngg. dicêndhakake, dilongi. II kn: dhasar dhuwuring larasing swara gamêlan.
pathêtên: kn. ora bancar wêtune (tmr. wong nggarap banyu).
pathêthêk: pating [x] kn. katon pêpunthukan akèh.

pathi: kn. 1 (glêpung) kênthêlan pêrêsan tela (garut, sagu, onggok lsp); 2 êngg. santên krambil; 3 ak. sari, perangan kang alus, kênthêlaning surasa lsp; di-[x]: didadèkake pathi, dijupuk pathine.
pathingkrang, pathingkrik, pathingkring: pating [x] kn. padha linggih ing papan kang dhuwur murang tata. .
pathingthing, pathinthing: pating [x] kn. padha katon kêncêng (singsêt).
pathir: kc. pothar-pathir.
pathis: êngg. kn. gathuk adhamis, trêp; kc. mathis.
pathithil: kn. ak. cêthil (gêmi bangêt).
pathu: di-[x] kn. dikênani ing gangsingan kang diubêngake.
pathuk: kn. ak. pojok tikungan (ing kali, gunung lsp).
pathungkruk, pathungkrung: pating [x] kn. ak. padha linggih njingkrung.
pathungthung, pathunthung: pating [x] kn. padha mlênthung akèh.
pathok: kn. 1 kayu, pring lsp. kang ditancêbake dianggo ugêr-ugêr, têtêngêr lsp; 2 êngg. pc. têtêp ora owah (ora kêna diênyang lsp); 3 êngg. papan paklumpukaning wong-wong rondha; 4 êngg. sawah bagean kang baku; 5 êngg. anggêr, waton; 6 êngg. pc. wong sing dadi srayaning bakul dodolan supaya olèh panganyang akèh (ethok-ethok ngêjori panganyang lsp); di-[x](-i): 1 didokoki pathok; 2 ditêtêpake, dipancêd ora kêna diênyang, dikurangi lsp; 3 diwatoni, diugêri; [x]-an: 1 pathok; 2 êngg. têtêp, ora-owah-owah; 3 wêwaton, paugêran; kc. mathok.
pathok-bangkrung: (-bangkrong) kn. 1 pc. têtêp, ora bisa owah; 2 wis ditêtêpake ora kêna diênyang.
pathokol: pating [x] kn. ak. pating pathekol.
pathol: I di-[x]-i êngg. kn. dithotholi, dicucuki. II êngg. kn: jêjênggul (ing kêrêngan lsp). III pc: pathèk; [x]-ên pc: pathèkên.
pathola: (S) kw. bngs. cindhe (sutra alus).
pathon: kn. dolanan gangsingan; kc. pathu.
pathongkrong: pating [x] kn. padha linggih ing papan kang dhuwur (sêmu mbêngkuk).
pathothok: pating [x] kn. padha njênggar sikile, lakange lsp.
pawadan: kn. 1 santolan, ethok-ethok; 2 gunêm; kc. awad.
pawadonan: n. pawèstrèn k. wêwadining wong wadon.
pawayangan: n. paringgitan k. ak. papan kang dianggo mitongtonake wayang (antarane pandhapa karo omah).
pawaka: (S) kw. gêni; cs. 3.
pawakan: kn. dêdêg-pangadêg, wanguning badan; kc. awak.
pawana: (S) kw. angin, cs. 5.
pawar: êngg. kn. gêbayan ing desa; kc. uwar.
pawarsakan: kw. pananggalan, almanak.
pawarta: n. pawartos k. kabar; kc. warta.
pawat: kw. ak. pawèwèh.
pawaton: kn. ak. palêmahan kang awujud watu.
pawèh: kn. ak. pawèwèh.

pawèstri: kw. (wong) wadon.
pawèstrèn: kn. 1 padununganing wong wadon; 2 papan sêmbahyang ing mêsjid mligi tumrap wong wadon; 3 k. ak. pawadonan.
pawèstrènan: k. pawadonan.
pawèwèh: kn. apa kang diwènèhake; kc. wèh, wèwèh.
pawêdhèn: kn. tumpukan (panggonan) wêdhi.
pawijènan: kn. ak. pawinihan pari; kc. wiji.
pawiyatan: kw. pamulangan, sêkolahan.
pawinihan: kn. pandhêdhêran wiji ing sawah.
pawingking: k. pamburi.
pawira: (S) kw. ak. tumbak; kc. prawira.
pawitan: kn. dhuwit lsp. kang dianakake (dianggo bêbakulan lsp).
pawitra: (S) kw. suci, bêning, rêsik.
pawicantênan: k. pacêlathon.
pawuhan: kn. jugangan lsp. pambuwangan uwuh.
pawukon: kn. petungan bab wuku, tanggal lsp; kc. wuku.
pawohan: kn. ak. wadhah kinang.
pawon: kn. 1 êngg. luwêng; 2 omah (papan) kang dianggo olah-olah; kc. awu.
pawong:(-an) kn. ak. batur wadon, para-nyai.
pawong-mitra:(-sanak) kn. ak. mitra (kanca) kang cakêt.
pe: I kn. ar. kewan sêgara kulite kaya kikir. II di-[x] kn: digaringake ana ing panasan; kc. pepe.
mpean: êngg. k. 1 kowe; 2 êmbuh.
pèang: êngg. kn. mbêndhul, njêndhul (tmr. êndhas).
pedah: kn. ak. paedah.
pedokan: kn. ak. panggonane wong wedok.
pedon: êngg. kn. padon, pojok.
(pèjèt): di-[x](-i) kn. diênêtake nganggo jêmpol; [x]-an: (cênil, sêmprot lênga wangi, lsp) kang dipèjèt.
pedhak, pedhêk, pêdhak, pêdhêk: êngg. kn. cêdhak.
pedhal: kn. pancadan ing obèngan pit.
pèdhèt:(-ên) kn. bithêt ing tlapukaning mata kang dhuwur.
pèdhêk: êngg. kn. cêdhak.
--- 480 ---
pèdhês ~ pènmès.
(pèdhês): di-[x] êngg. pc. dipithês, diplindhês.
(pègès): di-[x] kn. diiris mayat (mèncèng); kc. pagas.
pegin: êngg. kn. isih.
pego: kn. ora lumrah ênggone ngucapake basa Jawa (kaya cara Bagêlèn).
pegon: kn. 1 êngg. ora mligi cara Jawa (modhèl campuran); 2 basa Jawa ditulis nganggo aksara Arab; 3 êngg. dhokar.
(pegos): di-[x] kn. digawe ut. diênêrake mayat (ngèncèng-èncèng); kc. megos.

pèh: I kn. impês ing puyuhan. II êngg. kn: kalenan sidhatan, ilèn-ilèn ing tanggul lsp. III êngg. kn: 1 ora aji; 2 kêndho, ora sigrak; kc. èmpèh. IV pc: dupèh, dumèh. V dadi pèhan pc: dadi tutuhan.
pehak: êngg. pc. 1 ênêr; 2 sisih, golongan (parte).
pèhcun: (C) kn. riyaya Cina (ing sasi Juni).
pèi: (C) kn. ar. mainan nganggo kêrtu cilik.
peyat-peyot: êngg. pc. pating jluwog.
pèyèk-pèyèk: êngg. pc. dhèyèk-dhèyèk.
peyuban: kn. ak. papan kang eyub.
peyok: I pc. pesok. II pc: swaraning pitik dipêndèl (wis kalah lsp).
peyor: I êngg. kn. anak macan. II êngg. ak: mleyor, ora jêjêg (-kukuh).
(pèk): I di-[x] n. dipunpêndhêt k. dipundhut ki. 1 didadèkake darbèke; 2 (-anak, -mantu lsp); 3 êngg. dijupuk; kc. apèk, pèk-pèkan. II êngg. karêbèn; [x]-e êngg: karêbène. III [x] ngonoa, [x]-none n. (pèknotêne k) êngg: mula nyata têmênan.
peka: I pêpeka kw. sêmbrana, ora nggatèkake. II dipekani êngg. kn: dipaeka.
pèkèh: di-(êmban) [x] kn. diêmban ing bangkekan sikile dikêthapêlake; kc. mèkèh.
pekoh: kn. mlaku sikile mênga sêmu medong-medong.
pekong: pc. têpekong.
pèk-pèkan: kn. 1 sing mênang ngêpèk (tmr. adu jago lsp); 2 (anak [x]) anak ênggone ngêpèk, anak pupon.
pèl: I kn. gombal lsp. ditêlêsi dianggo ngrêsiki jobin lsp; di-[x]: dirêsiki nganggo pèl. II kn: 1 wilangan lêmbaran dluwang; 2 dluwang kang dianggo nggaringake tulisan mangsèn; di-[x]: digaringake nganggo dluwang pèl. III (ut. pèl-pulisi) pc: pulisi sing manganggo cara sêrdhadhu.
pela, pelah: kn. ak. tênunan sêrat dianggo sabuk.
(pela): dipelani êngg. diopèli.
pelad: êngg. kn. celad, cedhal.
pelag: kw. bêcik (bagus, ayu).
pelah, pèlêh: pc. blêngkêran rodha (pit, montor lsp).
pelan: kn. ar. manuk.
pela-pèlu: I kn. ak. banyu yiyid (tmr. wong manak, jaran, sapi manak). II êngg. kn: bngs. cathak.
pelas: I kn. ar. lêlawuhan kang digawe kêdhêle karo parudan krambil; kc. tangkêp pelas, cathok pelas. II êngg. kn: 1 sapele, rèmèh; 2 imbuh (tmr. têtuku).
pèlèt: kn. 1 mawa corak lorèng-lorèng (tmr. kayu, pênjalin lsp); 2 (lênga [x]) lênga iwak dhuyung dianggo nggunani; di-[x]: 1 dilèlèti lênga pèlèt (digunani, didhuyung); 2 êngg. dilepa (tmr. tembok).
(pelih): di-[x] êngg. dipilih.
peling: kn. 1 ak. pitutur ngelikake; 2 br. sing ngati-ati, sing eling; 3 pc. imbuh (sabên 10 ... 1, dianggo ngeling-eling nalikane ngetung lsp); pêpeling ak: pitutur ngelikake; di-[x]-i: 1 ak. dipituturi, dielikake; 2 pc. diwènèhi peling (imbuh); kc. eling, pèngêt.

pelut: ora [x] êngg. ks. ora bisa.
pelo: kn. ora cêtha pakêcapane tmr. gunêman (kaya bocah cilik, wong lara bangêt lsp).
pelog: kn. ar. larasing gamêlan.
peloh: kn. lêmês miyar-miyur, ora kaku.
pelor: êngg. pc. mimis.
pelot: kn. ak. bengkong mbêngkêluk (tmr. lading, kêris lsp); kc. melot.
pèlpulisi: (W) kn. pulisi kang mênganggo cara sêrdhadhu.
pema: k. ak. poma.
pemahan: k. pomahan.
pèmès: (W) kn. lading gapit.
pemut: k. ak. peling.
pemutan: k. ak. cathêtan.
pèn: (W) kn. waja lsp. lancip dianggo nulis sarana diclupake ing mangsi.
penah: kn. ak. pèn kang digawe gagang wulu.
penak: pc. kapenak.
penakan: k. êngg. pc. ponakan; kc. kaponakan.
penal: kn. ak. 1 thèthèl, dhidhal kulite; 2 têngêran (ciri) ing gêgêr ing kêrtu (dianggo ciri yèn arêp nggadhung lsp).
penang: kn. ak. sabrayat, saturunan ut. sapranakan (tmr. pitik lsp).
pendah: kw. beda, seje; tan [x] kaya kw: ora beda kaya, padha karo; lir [x] kw: saèmpêr, kaya dene; kc. mendah.
pèndèng: kn. gèpèng (marga dipènèt).
pèndêl: kn. bngs. lênga wangi.
pènjol: kn. ora bundêr kêplêng (ana kang mênjoto).
pèndhèk, pêndhèk: êngg. pc. 1 cêndhèk; 2 cêkak, cêndhak; pèndhèke, pèndhèkên êngg. pc: cêkake.
(pènèk): di-[x](-i) kn. diunggahi sarana dipancad lan diangkrok (tmr. wit lsp); kc. mènèk.
(pènèt, pênèt): di-[x] kn. diênêtake nganti gèpèng.
pènêng: (W) kn. saèm. dhuwit dianggo têtêngêr, ciri, kalung lsp.
pèni: kn. bêcik lan arang anane (akèh rêgane); [x]-[x] br: barang barang kang pèni (raja brana).
pènmès: êngg. kn. lading gapit.
--- 481 ---
pènsiyun ~ petak.
pènsiyun: (W) kn. pansiyun.
pèntil: (W) kn. bngs. pipa karèt dianggo nglêbokake angin ing ban, bal lsp.
pèncèng: kn. ora pênêr; kc. mèncèng.
(pènclok): [x]-an êngg. kn. pencokan; kc. menclok.
(pencut): mencutake kn. njalari kêsêngsêm, menginake bangêt; kc. kêpencut.
(pencok): di-[x]-i kn. diencoki; [x]-an: kang diencoki; kc. mencok.
pencong: kn. 1 pèncèng; 2 êngg. bngs. cethok.
pencor: kn. pêpês sarta muntir siji (tmr. sikil).

pencos: pc. pencong, pèncèng.
penthong: kn. bengkong muntir (tmr. sikil).
pènyèt: êngg. kn. pèndèng (diênêtake); di-[x] êngg: dipênèt.
(pèngès): di-[x] kn. dipègès; ke-[x]: kiris (tangane lsp).
pèngêran: durung wêruh [x] br. durung pêcah nalare (isih bocah).
pèngêt: kn. 1 peling; 2 sing eling marang; di-[x]-i: dicathêti; [x]-an: 1 cathêtan; 2 pangeling-eling.
pèngèl: êngg. kn. (sa-[x]) sakênong (tmr. sêga).
(pengin): di-[x]-i kn. dikarêpake lan diarêp-arêp bangêt; dipêpengin: digawe kêpengin; [x]-an: 1 ak. gampang kêpengin marang; 2 ut. pêpenginan) apa-apa kang dipèngini; kc. kêpengin.
pengkal: I di-[x] kn. disepak nganggo sikil buri (tmr. jaran). II kn: ar. sandhangan ing aksara Jawa (...)[9]
pengkolan: kn. ak. têkukan kang bêngkêluk; kc. mengkol.
pèngkrang: êngg. kn. pincang.
pènglèh: êngg. pc. peloh, sèngklèh.
pengo-pengo: êngg. kn. menga-mengo dening mambu sing ora enak lsp.
(pengos): di-[x] pc. dipègès, dipegos.
pengot: êngg. kn. pangot.
pepe: kn. ak; seba dhedhe ana ing alun-alun pêrlu nyuwun pangadilan (ing panjênênganing nata); di-[x]: diêpe; [x]-an: 1 apa-apa kang diêpe; 2 piranti mepe; kc. pe.
(pèpèd): di-[x]-i kn. dicêdhaki, didhêsuk nganti ndhèmpèl; di-[x]-ake: didhêsêk (diênêtake) nganti mèpèd; kc. kêpèpèd, mèpèd.
(pèpèh): di-[x] kn. ak. dithuthuki supaya dadi lèmpèngan (tmr. mas).
pepeka, pêpeka: kw. sêmbrana, kurang ngati-ati.
(pèpèl): di-[x]-i pc. dicuwili; kc. papal, pipil.
pèpèr: kn. 1 ngrêsiki wêwadi (dubur) mung sarana dikêsud (tanpa banyu); 2 gombal, dluwang lsp. kang dianggo ngrêsiki wêwadi (dubur); di-[x]-i: dirêsiki sarana dikêsud ing dluwang lsp (tmr. wêwadi, dubur).
(pèpès): di-[x] êngg. kn. dipès; [x]-an: lêlawuhan kang dipès.
pèpèt: êngg. kn. kèpèt.
(pèprèk): di-[x]-i êngg. kn. diplupuh, dipupuh (digêbugi).
(pèprèl): di-[x]-i pc. dicuwili, dipêcahi; kc. mèprèl.
pèr: I êngg. kn. babag, padha; kc. par. II êngg. kn. kreta arodha loro (bngs. dhokar); kc. pir.
perak: I êngg. kn. 1 slaka; 2 rupiyah. II ut. di-[x] êngg. kn: pisah, dipêgat; [x]-an êngg: pisahan, pêgatan.
peran: kn. ak. Pangeran.
(perang): di-[x](-[x]) kn. diprinci-princi, didadèkake bêbagean; [x]-an: 1 pêprincèn; 2 ak. bagean; 3 ak. pêpanthan (golongan) kang kaping(-têlu, papat lsp).
pere-pere: êngg. pc. ora tanja, mubadir, tanpa aji; kc. kêpara-kêpere.
pèrèdan: êngg. kn. ikêt-ikêtan wirone cilik mlipis.

pèrèng: kn. palêmahan kang mayat ing lambung gunung ut. bambing kali.
pèrès: kn. kêbak wrata karo lambene ut. bambinge (tmr. wadhah, takêran, kali).
pèrèt: êngg. kn. 1 pangêlusan grabah nalikane digawe (kang lumrah sing digawe pandhoga); 2 pethak têkan ing irunge (tmr. sapi lsp); [x]-an êngg: ikêt-ikêtan wirone tinata alus; kc. mèrèt.
pèrêk, pêrêk: êngg. cêdhak.
pèrêmas: kw. bngs. cindhe (sutra).
pèrês: (W) kn. 1 pangêcapan layang kabar lsp; 2 layang kabar.
pèrês-dhêlik: (W) kn. kaluputan marga ngarang ing layang kabar kang surasane mbêbagus, ngala-ala lsp.
pèron: (W) kn. 1 èmpèring sêtasiyun; 2 (karcis-[x]) karcis mlêbu ing peron.
(perong): di-[x] êngg. kn. diclonèhi.
perot: kn. 1 mèncèng ora sipat (tmr. cangkêm, wange ngisor nisih); 2 penjol, ora pênêr.
pès: I di-[x] kn. dibuntêl ing godhong banjur dipanggang (tmr. iwak loh lsp). II êngg. kn: 1 ora olèh-olèhan, ora olèh gawe; 2 ora dadi, wurung; di-[x] êngg: diina, dirèmèhake. III (W) kn: ar. lêlara nular.
pèsèk: kn. dhêmpok (ora mbangir) tmr. irung.
pèsèr: êngg. kn. bribil.
(pesing): ke-[x] kn. kêbêlêt ngising.
peso: êngg. kn. lading.
pesok: kn. dhêkok, lêgok (tmr. topi, kuluk lsp).
pèsta: kn. ak. pista.
pèt: I di-[x] kn. 1 êngg. dipèk; 2 ak. dijupuk, disuprih, dianggêp kaya; kc. amèt, mèmèt. II (W) kn: topi mawa tèbèng ingarêpe (kaya kang dianggo priyayi pangrèh praja yèn dhinês). III kn: (lênga [x]) lênga pitroli.
petak: I êngg. kn. bngs. lalêr gêdhe sok ngrubung kêbo lsp. II êngg. kn: guthêkan, lowahan kang disinggêt-singgêt; 2 (omah-[x]) omah gêdhe kang diguthêk-guthêk sêsênthongan dianggo
--- 482 ---
sewan; di-[x]-[x] êngg: diguthêk-guthêk.
petan ~ pêkir.
petan: kn. ulik ki. golèk tuma srana dibiyaki rambute; di-[x]-i kn. diulik ki: 1 digolèki tumane; 2 pc. dijlimêt, dititi-priksa têmênan.
petang: (-an) k. petung(-an).
(petar): di-[x] kn. ak. dibendrongi nganggo mriyêm.
petung: n. petang k. 1 (ut. [x]-an) wilangan, cacah (kèhe); 2 êngg. gêmi bangêt (kabèh digênahake lan tietung); di-[x]: 1 dietung, dicacahake; 2 dilêbokake ing petungan; 3 pc. kêlêbu ing wêwilanganing ...; kc. etung.
petor: êngg. ak. 1 priyayi pangrèh praja bangsa Wlanda (Gêzaghêbbêr); 2 asistèn residhèn.
pecak: I êngg. kn. picak. II di-[x] êngg. kn: disepak (ing jaran).

pece: kn. picak sasisih.
(pècèl): di-[x](-i) êngg. kn. dipêcèl(-i).
pèci: kn. 1 topi pèt; 2 kupluk.
pècis: êngg. kn. pèci.
pecok: kn. 1 bngs. wangkil; 2 êngg. bngs. wadung; 3 êngg. bngs. pacul cilik.
pethak: kn. corak putih ing bathuk ut. êndhas (tmr. jaran).
pèthèk: I kn. 1 bngs. cakil ut. canthèlan sanggan êmpyak lsp; 2 rambut kaya gombak ing iringan (liyane dicukur); di-[x]: 1 diulukake (diumbulake) nalikane arêp diundha (tmr. layangan); 2 ak. dicukur diturahake kaya gombak ing iringan. II kn: ar. iwak sêgara sok digawe gêrèh.
(pèthèl): di-[x]-i êngg. kn. disêmpali (tmr. pang); kc. prèthèl.
petho: êngg. kn. kêthul.
pethot: pc. melot.
pêda: kn. gêrèh iwak kêmbung.
pêjah: k. 1 pati; 2 mati.
pêjah-kêlir: êngg. k. patukêlir.
(pêjang, pêjêng): di-[x] êngg. ak. digujêngi, dicêkêli kêncêng.
pêjuh: ks. 1 kama, 2 anak.
pêdhaya: êngg. kn. tlèdhèk; kc. bêdhaya.
pêdhak, pêdhêk: êngg. cêdhak.
pêdhang: kn. ar. gêgaman landhêp bngs. klewang; di-[x]: ditamani pêdhang.
pêdhang suduk: kn. pêdhang kang lêncêng.
pêdhang warangan: kn. pêdhang nganggo pamor.
pêdhati: n. pêdhatos k. êngg. bngs. grobag.
pêdhèt: kn. anak sapi (sapi cilik).
pêdhês: kn. 1 rasa kaya dene rasaning lombok, mrica lsp; 2 pc. rasaning kulit kaya yèn dipêcut lsp; 3 pc. nylêkit, nyêrikake bangêt (tmr. têtêmbungan lsp); pêpêdhês: lêlawuhan lsp. kang rasane pêdhês.
pêdhês-pêrih: pc. kangelan sarta rêkasa (sakèhing kasusahan).
pêdhidhing: kn. ak. bêdhidhing.
pêdhut: kn. 1 uwabing banyu kang katon kandêl kaya mega; 2 ent. kasusahan; di-[x]-i êngg: ditutupi pêdhut.
pêdhot: kn. 1 tugêl tmr. tali, sambungan, dalan lsp; 2 kanggêg (lakune, crita lsp); 3 kalah (tmr. jago, ngabotohan lsp); 4 uwal (tmr. mêmitran, sêsanakan lsp); 5 pêgat, pisah (tmr. bêbojoan); ora (tan-) ak: tansah; di-[x]: ditugêl (tmr. tali lsp), ora ditutugake (tmr. crita lsp), dipisah (tmr. mêmitran lsp), dimarèni (tmr. pakarêman ala lsp); [x]-an: 1 apa-apa kang wis pêdhot (dipêdhot); 2 kang wis kalah (tmr. jago, wong kêrêngan lsp); 3 andhêging napasan ing sabên sapadan (tmr. têmbang macapat); kc. pêgat, mêdhot.
pêga: kn. 1 êngg. sumpêg; 2 kêbul, kêluk.
pêgat: kn. 1 ak. pêdhot; 2 pêpisahan, talak (tmr. bêbojoan); ora (tan-) [x] tansah; di-[x]: 1 ak. dipêdhot; 2 ditugêl (êndhase); 3 diwènèhi talak

(wis ora didadèkake bojo); di-[x]-i: 1 pc. dicêgati; 2 ak. dicêgat ing dalan, dialang-alangi, diadhangi; di-[x]-ake: dikon pêgatan; [x]-an: 1 pêpisahan (tmr. bêbojoan); 2 pisah.
pêgat mati: kn. bêbojoan pisahan marga salah sijine mati.
pêgat urip: kn. pêgatan sarana layang pêgat (isih padha urip).
pêgat-pêgat: br. pêdhot-pêdhot (ênggone gunêman lsp).
pêgawan: kn. ak. bagawan.
pêgêl: kn. 1 krasa kêmêng kaku (tmr. boyok, athik-athikan lsp); 2 êngg. kêsêl bangêt; 3 ([x] atine) anyêl, mangkêl bangêt.
(pêgêng): di-[x]: 1 kn. ak. diampêt (tmr. napas); 2 ki. disapih (ênggone nusu); kc. mêgêngan.
pêgogok: pc. bêgogok.
pêgot: êngg. kn. pêdhot.
pêhan: kw. ak. puhan.
pêyik: êngg. kn. piyik.
pèk: mak [x] kn. katêrangan ut. sabawaning napuk lsp.
pêkah: kn. 1 pc. kayaning wong lanang marang bojone; 2 êngg. pamêtu, pikolèh, piguna; kc. nipkah.
(pêkak): di-[x] kn. 1 dicandhêt supaya ora mbandhang (tmr. jaran); 2 dicandhêt (tmr. hawa nêpsu).
pêkakas: êngg. pc. bêkakas.
pêkangkang: pating [x] pc. padha linggih lsp. sikile mênga.
pêkara: I êngg. sampeyan. II n. pêkawis k. pc: prakara.
pêkatul: kn. ak. bêkatul.
pêkèkèh: pating [x] pc. padha ngadêg lsp. sikile mênga; kc. pèkèh.
(pêkèngkèng): di-[x]-ake pc. dibênggang sikile; kc. bêkèkèng.
pêkèt: kn. tungguk, jaga.
pêkewuh: n. pêkèwêd k. pc. pakewuh.
(pêkêk): di-[x] êngg. kn. dipêkak.
pêkên: k. pasar; [x]-an k: pasaran.
pêkênêng: pating [x] kc. padha katon kêncêng otote; kc. bêkênêng.
pêkêngkêng: pating [x] kc. padha linggih lsp. katon kaku; kc. bêkêngkêng.
pêkih: (A) kn. 1 ngulama ahli anggêr-anggêr; 2 kawruh bab anggêring agama.
pêkik: kw. bagus.
pêking: kn. 1 ar. manuk êmprit cilik; 2 (saron [x]) saron kang cilik (pênacah); [x] abuntut mêrak pr: prakara cilik tundhone dadi prakara gêdhe.
pêkir: I kn. pandhita pêpriman; [x] miskin: pandhita pêpriman lan wong-wong mlarat.
--- 483 ---
II pc: wis ora kanggo (marga wis lawas, wis rusak lsp).
pêklaring ~ pêndhêm.
pêklaring: êngg. pc. (pêklantun êngg. k): 1 katêrangan; 2 prosèspêrbal.
(pêkul): di-[x] kw. dirangkul.

pêkungkung: pating [x] pc. padha sumèlèh gêgêre mbêngkuk.
pêkok: pc. 1 lêgok, dhêkok; 2 ks. budhêg bangêt; 3 ks. bodho bangêt.
pêkongkong: pating [x] pc. padha mbêngkuk (linggih lsp).
(pêkrok): di-[x]-ake kn. diêgarake (tmr. suwiwi lsp); kc. mêkrok.
pêksa: kn. panjiyat supaya tumindak; 2 ak. kumudu-kudu; di-[x]: dijiyat, dikudokake tumindak (tumandang); pêksan: 1 kang dipêksa; 2 gêlême marga kêpêksa; kc. kêpêksa, mêksa.
pêksa wani: br. kêndêl bangêt.
pêksi:. 1 k. manuk; 2 kn. sindik kang tumancêb ing ukiraning kêris.
pêkti: br. upêkti.
pêla: êngg. rêmpêla.
pêlag: êngg. kn. palangan êlêt-êlêt (singgêtan); di-[x]-ake êngg: dialangake ing antarane; kc . kêpêlag.
pêlak: I di-[x] êngg. ak. digêlak, dienggalake. II kn: anak iwak kakap.
pêlana: kn. ak. lapak gajah.
pêlat: (W) kn. blebekan kuningan lsp, piringan gramopon; kc. plat.
pêlèn: kêbo [x] êngg. ak. kêbo lanang.
pêlêg: êngg. ak. kêbak bangêt, têtêl; kc. mêlêg.
pêlêk: I ut. [x]-an êngg. ing pungkasan (waktu lsp). II di-[x] êngg¨digêlak; kc. pêlak.
pêlêm: kn. ar. wit sarta wohe.
pêlêng: kw. èsthi (ênêr) ing pamikir; di-[x]: 1 diênêr (dituju) sarana nyawijèkake pikiran; 2 ak. disawijèkake; kc. mêlêng, pamêlêngan.
pêli: ks. palanangan.
pêlik: sa-[x] kn. 1 sathithik (tmr. pangangahing gêni); 2 sapêthil (tmr. kêmbang); pêpêlik êngg. anting-anting nganggo intên, cêplik; [x]-[x] pc: apa-apa kang gumêbyar mawa cahya (intên lsp); di-[x]: 1 ak. dirêsiki (tmr. intên, mas lsp); 2 didhudhuk dijupuki (tmr. logam, intên lsp); [x]-an: 1 apa-apa kang kadhudhuk saka sajroning lêmah (mas, intên, lsp); 2 ak. batur bocah; kc. mêlik, pêrlik.
pêling: pc. bêcik bangêt; kc. pling, kêmpling.
pêlit: êngg. êntèk-êntèkan.
pêluh: kn. ora bisa kaku (tmr. palanangan).
pêluk: sa-[x] kn. ak. saprangkul; di-[x] ak: dirangkul.
pêlung: kn. ar. manuk.
pêlur: I ut. pêluru kn. ak. mimis. II (W) kn: jrambah (jogan) kang dijobin.
pêlus: kn. 1 bngs. wêlut gêdhe; 2 êngg. bngs. lintah; 3 ks. palanangan.
pêloh: êngg. pc. pêluh.
pêlok: kn. isi (wiji) pêlêm, kwèni lsp; kc. mêlok.
(pêlong): [x]-[x] kn. 1 (-matane) pc. katon amba (matane); 2 mawa corak bundêran, cêplok lsp. kang gêdhe-gêdhe (tmr. bathikan); kc. mêlong, plong.
pêlpèn: (W) pc. gagang pèn mawa isi mangsi.
pêna: êngg. sampeyan (kowe).
pênak: kn. sêga digolong (ut. diênêt-ênêt) dibuntêl ing godhong.
pênapa, pênapi: k. ak. apa.

pênat: kw. kêsêl, sayah.
pênatu: kn. (pênatos êngg. k) tukang sêtrika.
pênatus: êngg. kn. lurah desa; kc. panatus.
pênacah: kn. (saron [x]) saron pêking.
pêndara: êngg. kn. 1 bêndara; 2 sêtagèn.
pêndèl: I êngg. ak. 1 palu; 2 saèm. kampak. II di-[x](-i) kn: 1 dicucuk(-i) lan dikabruk(-i); 2 diajak padu, dipadoni.
pêndêlik: pating [x], [x]-an kn. matane padha diwêngakake amba; di-[x]-i: dipênthêlêngi.
pêndêlo: pating [x] pc. matane padha katon amba kaya mêtu.
(pêndêng): di-[x] kn. dipêlêng, dipindêng; kc. mêndêng, pêndêng.
pênding: kn. sabuk kang digawe blebekan slaka lsp.
(pêndir): di-[x] kn. ak. diwènèhi pagawean kang abot (rêkasa).
pêndirang: pating [x], [x]-an kn. matane julalatan marga kagèt lsp.
pêndiringan: pc. mrinding dening wêdi.
pêndul: I kn. 1 kandêl kaya abuh (tmr. mata); 2 kêmbang pête, kêdhawung lsp; kc. mêndul. II di-[x]-i êngg. kn: diadhuk, dipaculi (tmr. lêmah).
pênjait: êngg. kn. grêji (tukang gawe klambi lsp).
pênjalin: n. pênjatos k. ar. têtuwuhan rambat wite digawe dandanan.
pênjawat: kw. suwiwi; kc. panjawat.
pênjete, pênjutu, pênjoto: pating [x] pc. padha katon abuh (mlênte) mêtu.
pênjorangan: êngg. ugal-ugalan.
pêndhak: kn. 1 êngg. sabên ing (dina, sasi lsp), sabên-sabên; 2 ing dina (sasi, taun lsp) kang padha karo saiki; [x] pisan, [x] pindho: slamêtan wong mati ing sataun (2 taun) sabakdane; [x]-[x] ak: kêrêp; di-[x]-i: dislamêti pêndhak pisan (-pindho); kc. mêndhak.
pêndhalungan: kn. ak. gunêman ora karuwan unggah-ungguhe.
pêndhapa: kn. (pêndhapi k): omah ingarêp kang lumrah adhapur limasan.
pêndharat: êngg. kn. kêndharat, tampar (dianggo nêncang); kc. pandharat.
pêndhatos: êngg. k. 1 cikar; 2 dhokar.
pêndhega: êngg. kn. 1 anthèking pandhe; 2 punggawa prau; kc. pandhega.
pêndhèk: êngg. cêndhèk, cêndhak.
pêndhêlis, pêndhêlus: pating [x] kn. padha katon mêncungul sarta katon gilap.
pêndhêlong: mak [x] pc. sanalika kêndho; kc. kêndhêlong.
pêndhêm: kn. 1 kang tumancêb (dumunung) sajroning lêmah (tmr. cagak lsp); 2 (ut. [x]-an) ak. kuburan; di-[x]: 1 didokok ing sajroning lêmah (diurugi); 2 ks.
--- 484 ---
dikubur; [x]-an: apa-apa kang dipêndhêm; kc. mêndhêm.
(pêndhêt) ~ pênthêlêng.
(pêndhêt): dipun-[x] k. 1 dijupuk; 2 dipèk.

pêndhêtan: êngg. k. Parakan.
pêndhikil: pating [x] pc. padha mbrênjul cilik-cilik.
pêndhil: êngg. kn. kêndhil.
pêndhisil: pêndhèsèl, pating [x] pc. padha mbrênjul mêtu.
pêndhita: kc. pandhita.
pênjulus: pating [x] pc. saèm. pating pêndhêlis.
pêndhusul, pêndhosol: pating [x] pc. padha katon mbrênjul sêmu mêtu.
pêndhok: n. kandêlan k. srasah urunging gandar kêris (kang digawe slaka, êmas lsp); golèk [x] pc: golèk alêm.
pênèkêr: êngg. kn. kênèkêr.
(pênèt): di-[x] êngg. dipênêt.
pênêd: êngg. ak. 1 bêcik, tata; 2 endah; kc. pênêt.
pênêk: êngg. kn. pênak.
pênêr: kn. 1 ênêr, arah; 2 bênêr ing, tumuju ing; kc. ênêr, kêpênêr.
(pênêt): di-[x](-ake) kn. diênêtake, dipêtêk.
pêniti: kn. kancing klambi ngiras rêrênggan.
pênuh: kw. kêbak, jêjêl akèh bangêt.
(pêntal): di-[x] êngg dikontalake.
pêntas: ora [x] êngg ora bisa.
pêntasan: kn. 1 papan padusan ing kali lsp; 2 ing papan kang ora ana banyune; 3 papan kang dianggo wiwit (tmr. dolanan bengkat lsp); kc. êntas, mêntas.
pêntèl: êngg. kn. pênthil.
pêntêlung: pc. pantêlung.
pêntil: kn. woh kang isih cilik.
pênting: êngg. pc. pêrlu bangêt.
pêntog: pc. notog ing; kc. kêpêntog, pantog.
pêncak: kn. main selat (tangkis-tinangkis).
pêncalang: êngg. kn. pulisi desa; kc. pacalang.
pêncar: I kn. sumêbar wrata (dadi akèh); di-[x]-ake: 1 disêbar diwratakake, didadèkake akèh; 2 ditandur diwratakake (tmr. wiji lsp); kc. mêncar. II sa-[x] êngg. kn: saunting (tmr. pari kang mêntas diênèni).
pêncarian: êngg. pc. panggaotan, pagawean.
pêncar-karang: kn. ak. wis gawe omah dhewe ora têtunggalan karo wong tuwane (tmr. pangantèn anyar, anak kang wis omah-omah).
(pêncas): di-[x] pc. dipancas.
pêncèrèt: pating [x] pc. katon gilap sumunar; kc. mêncèrèt.
(pêncèt): di-[x] êngg. kn. dipijêti.
pêncêlat: pating [x] pc. padha mêncolot adoh; kc. mêncêlat.
(pêncêlèk): di-[x]-ake kn. diwêngakake (ikute lsp); kc. mêncêlèk.
pêncêngès, pêncêngis: mak [x] pc. sanalika ngguyu mringis.
pêncêrêng: pating [x] kn. matane padha mênthêlêng.
pêncig: êngg. kn. dlamakane sikil kang siji nggêjojor (lakune pincang).
(pêncil): di-[x] pc. dipêthukake (diajak kêrêngan lsp) nalikane kêtêmu padha ijèn; kc. képêncil, mêncil.

pêncilak: pating [x], [x]-an kn. matane katon amba mêncêrêng; di-[x]-ake ak: dicilakakake, diambakakake.
pêncinat: êngg. kc. pêncilak.
pêncing: êngg. kn. 1 ujuran; 2 dhuwit rêruba, bêsêl; di-[x] êngg: dijaluki ujuran; di-[x]-i êngg: 1 diwènêhi ujuran; 2 dibêsêli.
(pêncir): I di-[x] êngg. kn. dithothok lirih; kc. mêncir. II di-[x]-i kn. ak: diwuwuhi (diimbuhi) sathithik (supaya mundhak bêcik lsp).
pêncit: kn. ak. puncak kang dhuwur dhewe, pucuk; kc. mêncit.
(pênclok): di-[x] êngg. dipêncok.
pêncu: kn. 1 pêndhukul ing gong, kênong lsp; 2 êngg. awangun brunjungan (tmr. omah); kc. mêncu.
(pêncug): di-[x] êngg. kn. 1 ditugêl, dijugag; 2 dijupuk (dijujug) ing têngah (tmr. apa-apa kang pancène kudu urut-urutan).
pênculat: kn. mlêtik mêncolot.
pêncungul: mak [x] kn. sanalika ngaton (êndhase, pucuke munggah); kc. mêncungul.
pêncurat: kn. sumirating banyu; pating [x]: padha sumirat.
(pêncok): I di-[x] êngg. kn. dibacok dipancas. II kn: 1 ar. lêlawuhan; 2 bngs. pilis (mata).
pêncolot: kn. mlumpat ngêgèt.
pêncongol: mak [x] kn. sanalika mêncungul; kc. mêncongol.
pêncono: pating [x] pc. padha abuh.
pêncorong: kn. 1 pêpadhang kang sumorot; 2 (sa-[x]) sasasi; pating [x]: padha sumorot mblêrêngi; kc. mêncorong.
(pêncos): di-[x] êngg. pc. dipêncas, dipancas, dipêncok.
pêncrit: êngg. pêncit.
pênthalèt, pênthalit: pating [x], [x]-an kn. padha pêpulêtan.
(pênthang): di-[x] kn. 1 dibêndhèng ditarik (tmr. gêndhewa), ditarik ngiwa nêngên (tmr. mepe wlulang lsp); 2 disalib, diukum ing pamênthangan; kc. pamênthangan.
pênthangulan: kn. ora duwe isin (kumintêr lsp).
pêntheyat-pêntheyot, pênthèyètan: êngg. pc. katon rêkasa dening kabotan momotan.
pênthelangan: kn. ak. ugal-ugalan.
(pênthèng):di-[x] kn. dibêndhèng, dipênthang; kc. mênthèng.
pênthèngèl: mak [x] pc. sanalika mênthungul êndhase.
pênthèr: I kn. 1 têrang ut. padhang (mari mêndhung); 2 ent. mari sêdhih (-susah); di-[x]-ake atine pc: dibêbungah. II di-[x]-ake kn. ak: dijèrèng, diandharake.
(pênthès): di-[x] êngg. pc. ditêmênani (dikêrasi) ênggone mulang muruk lsp.
pênthèt: I kn. ar. manuk. II di-[x] êngg. kn: diincup; kc. pêthèt.
(pênthèlèt): di-[x]-ake wêtênge pc. dilêmpètake wêtênge; kc. mênthêlèt.
pênthêlêng: pating [x] pc. padha ngêngakake [ngêngak...]
--- 485 ---
[...ake] matane; di-[x]-i: dipandêng kanthi sêrêng; kc. mênthêlêng.

pênthêngil: mak [x] pc. sanalika mêncungul.
pênthiyètan: êngg. pc. pênthèyètan.
pênthil: kn. mundri ki. cênil ing pucuking susu; di-[x]: diunyêr-unyêr (digiyêr) pênthile.
pênthingil: pating [x] pc. padha mêtu nyongat cilik-cilik.
pênthul: kn. ak. pênthol, bêndhul; kc. mênthul.
pênthung: kn. kayu gilig dianggo nggêbug lsp; di-[x]: 1 digêbug ing pênthung; 2 pc. diblithuk, diapusi, dibathi akèh.
pênthungul: mak [x] pc. mak pêncungul.
pênthol: kn. 1 peranganing têkên, bêdudan lsp. kang awangun bundêr; 2 êngg. jêjênggul, pangarêp (ing kècu lsp); 3 êngg. kc. wong bodho; [x]-an: kang mbêndhul; kc. mênthol.
pêntholos: pating [x] pc. padha nggundhul; kc. mêntholos.
pênthongan: êngg. kn. kênthongan.
pênthongol: pating [x] pc. padha mêncungul êndhase.
(pênyak): di-[x] kn. ak. dipidak.
pênyakit: êngg. pc. 1 lêlara; 2 ks. wong ala.
pênyanyakan: kn. ak. biyayakan ora tata.
pênyènyèng: pating [x] pc. padha kumênthus kurang ajar; kc. mênyènyèng.
(pênyèt): di-[x] pc. dipènyèt.
pênyinyang-pênyinying: pc. minggrang-minggring.
pênyu: kn. 1 bngs. bulus; 2 thothoking kewan kasêbut (digawe jungkat lsp).
(pênyuk): di-[x] êngg. pc. 1 dipidak (tmr. barang kang jênês); 2 diblusukake (dicampurake) ing prakara kang ora prayoga.
pênyunyangan: pc. ndhugal, clinthisan; kc. mênyunyang.
(pênyok): di-[x] êngg. pc. dipênyuk.
pênyon: ora [x] êngg. pc. ora bisa.
pênyonyo: pating [x] pc. padha abuh (tilas diantêmi lsp); kc. mênyonyo.
pêng: I mak [x] (kupinge): krasa sumiyut ing kuping (marga ditabok lsp). II di-[x] êngg. pc: ditindakake (digarap lsp) kalawan têmên-têmên; kc. mêmpêng, pêng-pêngan.
pêngak: kn. ak. saèm. sêngak.
pêngangah: kn. crêmomonging gêni mawa; kc. mêngangah.
pêngar: kn. ambu kang sumêgrak (kaya lobak).
pêngaron: kn. saèm. jêmbangan cilik.
(pênggak): di-[x] kn. dicandhêt, dielikake supaya aja mbanjurake tindake kang ora bêcik.
pênggang: êngg. kn. bênggang, rênggang; di-[x] êngg: dibênggang.
(pênggêl): di-[x] êngg. kn. didum-dum (diperang-perang).
pênggik: kn. ak; perangan kang mênggik; kc. ênggik, mênggik.
(pênging): di-[x] kn. dielikake (dilarangi) murih aja nglakoni.
pêngkangan: êngg. kn. lowahan; kc. pamêngkang.
pêngkarag: mak [x] pc. sanalika njêgrag wulune (marga wêdi lsp).

pêngkêlang-pêngkêlêng: pc. atos kaku (tmr. sêsukêr, têtêmbungan).
pêngkêluk: pc. bêngkêluk, têkukan; pating [x] pc: padha mbêngkêluk; di-[x]-ake: ditêkuk, dibêngkêlukake.
pêngkêlung: kn. ak. pêntêlung (ing pang lsp); di-[x]-ake: ditêlungake.
pêngkêr: êngg. k. buri; dipun-[x]-i(-akên) k: diungkuri(-ake); ke-[x] k: kêpungkur; [x]-an k: 1 pungkuran; 2 ki. gêgêr.
pêngkêrêd: mak [x] pc. sanalika dadi cêndhak.
pêngki: êngg. kn. bngs. kranjang uwuh.
pêngkirig: mak [x] pc. sanalika njêgrig wulune (marga wêdi lsp).
pêngkuh: kn. 1 kukuh ora gampang rusake (tmr. dandanan, pawakan lsp); 2 santosa, kuwat (ent. tmr. bêbudèn);di-[x]-i ak: dikukuhi disêntosani.
(pêngkuk): di-[x](-ake) pc. dibêngkuk, dibêngkêlukake.
(pêngkul): di-[x] kw. dirangkul; kc. pêkul.
(pêngkok): di-[x] (-ake) kn. 1 ak. dipêthukake, dicêgat; 2 dipapagake (dipèpètake) nganti ora bisa oncat (ent. tmr. rêrêmbugan ut. pêpadon); kc. kêpêngkok.
pêngkorog: mak [x] pc. sanalika njêgrag wulune.
pêngkrêdan: pc. tansah mêngkêrêd.
pênguk: kn. ambu kaya dene ambuning têmbako lawas.
pêngulu: pc. pangulu.
pêngung: 1 kw. suwung, kothong; 2 êngg. sumpung; 3 (kumprung [x]) ak. bodho bangêt.
pêngur: kn. prêngus.
pêngus: kn. ak. prêngus.
pêngong: êngg. kn. bodho bangêt; kc. pêngung.
pêng-pêngan: êngg. pc. 1 kang dipêng bangêt; 2 bêcik (santosa, pintêr lsp) bangêt, kang bêcik dhewe; kc. pêng, mêmpêng.
(pêp): di-[x] kn. disumpêt nganti ora kêna hawa.
pêpak: kn. 1 (ut. [x]-an) kabèh wis ana (ora ana kêkurangane); 2 wis ganêp (ora ana kang kari, kang cicir); di-[x]-i (di-[x]-ake ak): diwuwuhi (diganêpake) supaya pêpak.
pêpeka: kw. sêmbrana, ora ngati-ati; kc. peka.
(pêpêg): di-[x] kn. ak. dipêkak (tmr. kêndhali lsp).
pêpêr: I kn. 1 suda landhêpe (tmr. lading lsp); 2 ent. suda kadigdayane lsp; di-[x] ak: 1 disuda landhêpe; 2 dilêrêmake (nêpsune), dikêndhakake. II di-[x] kw: dilacak, ditakon-takoni.
pêpês: kn. 1 ilang kakuwatane (tmr. anggotaning badan lsp); 2 ent. tanpa krêkat, ilang dayane; di-[x](-ake) ak: diilangake dayane (kakuwatane, kaluwihane); kc. mêpês, mlêpês.
pêpêt: kn. 1 buntu ora têrus (tmr. dalan lsp); 2 ora bisa têrus mili (tmr. kalenan
--- 486 ---
lsp); 3 ([x] atine) judhêg bangêt, ora bisa mêmikir; 4 ak. jêjêl riyêl ora kêna dipiyak (tmr. gêgrombolaning wong); 5 (ut. ulu [x] ak) ar. sandhangan ing sastra Jawa (...);[10] di-[x]: 1 (ut. di-[x]-i) dibuntu, diadhangi nganti ora bisa têrus; 2 didokoki sandhangan pêpêt.

pêpêthan: kn. wêwujudan kang minangka gambaran (têtiron); kc. pêtha.
pêra: kn. akas ora plikêt (tmr. sêga lsp); ora dhêmbêl (tmr. lêmah, rambut, lawe lsp).
pêrak: kn. cêdhak.
pêrak-esuk: n. (-enjing k) êngg: wayah ngarêpake bangun esuk.
pêrang: I di-[x] êngg. kn. dibacok, ditêgor; ke-[x]: kiris. II adu gêgaman (kakuwatan) arêbut mênang; di-[x]-i: 1 ak. ditêmpuh (dimungsuh); 2 dipadoni, dilawan; kc. prang.
pêrang brubuh: kn. pêrang amuk-amukan akèh pêpati.
pêrang dharat: kn. pêrang ana ing dharatan.
pêrang dhêmit: kn. ak. sêsatron kang disamun.
pêrang laut: kn. pêrang ana ing sêgara.
pêrang lèrès: kn. pêrang dhêdhêlikan sarana nglimpe.
pêrang ngarêp: kn. pêrang adu arêp ora limpe-linimpe.
pêrang sabil: kn. pêrang karana agama Islam; kc. sabil.
pêrang tandhing: kn. para[11] padha ijèn.
pêras: êngg. kn. sajèn.
pêrasaan: êngg. pc. pangrasa, rasa rumangsa.
pêrbal: kn. cathêtan papriksaning prakara kang bakal katur marang pangadilan; di-[x]: dicathêti prakarane (bakal dilapurake marang pangadilan).
pêrban: (W) kn. blêbêd (gudhig, lêlara lsp); di-[x]: diblêbêd.
pêrbatang: kn. ak. kayu (wit) kang wis rubuh.
pêrbêng-pêrbêng: kn. katon abang raine arêp nangis (marga susah lsp).
pêrbil: I pc. tuladha, conto. II pc: kêrbil.
(pêrdi): di-[x] kn. 1 diwulang-wuruk amurih bêcike, dimanuhake nindakake tatapranata kang bêcik; 2 ak. dipêrsudi, diudi.
pêrdikan: kn. kaluputake ing pajêg (tmr. desa, pasantrèn, lsp).
pêrduli, pêrdulèn: pc. mèlu ngrêmbug marang (prakaraning liyan).
pêrduntên: êngg. k. pêrduli.
pêrdondi: kn. ak. pêpadon, sulaya.
(pêrjaya): di-[x] kw. dikalahake, dipatèni.
pêrjanjian: pc. prajanjian.
(pêrjit): di-[x]-[x] pc. diperang-perang, didum-dum.
perjiwatan: kw. sih-sinihan.
pêre: êngg. kn. ringkih, apêsan; kc. mêre.
pêrèh: êngg. pc. pêrih.
pêrèk-pêrèk: êngg. pc. bêngok-bêngok; kc. bêrèk.
pêrêd: kn. ora lunyu, ora gampang mletre.
pêrêk: êngg. cêdhak.
pêrêng: kn. ak. gêsêng, gosong; kc. porong.
(pêrêp): di-[x]-i kw. dicêdhaki; kc. prêp.
(pêrês): di-[x] kn. 1 diwênyêt (dipijêt-pijêt lsp) supaya apuh; 2 dipuh lsp (tmr. sapi lsp); 3 ak. dipêsu ngluwihi kakuwatane (tmr. pamikir

lsp), diplindêr ing pagawean (murih ngêtokake hasil akèh); siram [x] ki. ak: adus wuwung; [x]-an: 1 olèh-olèhane mêrês, kang dipêrês; 2 ak. puhan (sapi lsp); 3 (sapi [x]-an) sapi kang dijupuk puhane.
pêrêt: pc. pêrêd.
pêrgêdèl: pc. ar. lêlawuhan kang digawe iwak cacahan karo kênthang lsp.
pêrgigah-pêrgigih: pc. agahan arêp tumandang.
(pêrgul): di-[x], [x]-an kn. disêpuh ing êmas ut. slaka.
pêrguruan: êngg. pc. paguron.
pêrguwa: êngg. kn. gêdhe dhuwur (kaya buta).
(pêrgogok): di-[x]-ake pc. disèlèhake; kc. bêrgogok.
pêri: I kn. ar. lêlêmbut wadon ayu rupane (bngs. widadari). II dipêrèkake êngg: diupamakake, dipadhakake.
pêrih: kn. 1 krasa lara kaya dene kiris; 2 krasa ngêlih (tmr. wêtêng); 3 br. sêdhih, susah, kasusahan, rêkasa; kc. prihatin.
pêrkakah: pating [x] pc. padha mbapang njênggar (tmr. pang lsp).
pêrkakas: pc. bêkakas.
pêrkangkang: pating [x] pc. padha mêkangkang.
pêrkatak, pêrkètèk: pating [x] pc. 1 padha nywara krètèk-krètèk; 2 padha katon kuning-kuning (tmr. pari lsp).
pêrkèkèh: pating [x] pc. padha mbêgègèh sikile.
(pêrkèngkèng): di-[x](-ake) kn. dibêkèkèng, dibêgagahake sikile.
pêrkewuh: n. pêrkèwêd k. pc. pakewuh.
pêrkênêng: pating [x] pc. pating pêkênêng.
pêrkênêngan: pc. bêkênêngan.
pêrkêngkêng: pating [x] pc. padha katon kaku (kêncêng).
pêrkêtêk: mak [x] pc. nywara krêtêk-krêtêk.
pêrkinding, pêrkinting: pating [x] pc. krasa pating prinding.
pêrkis: kn. ak. cilik bêcik.
pêrkisong: ut. dhop pêrkisong kn. bumbungan patrum bêdhil.
pêrkitik: pating [x] pc. padha nywara kritik-kritik.
pêrklaring: (W) kn. (layang) katêrangan.
pêrkul: kn. bngs. pêthèl.
pêrkungkung: pating [x] pc. padha mêkungkung.
pêrkutuk: I pating [x] pc. katon brontok (tmr. kulit). II di-[x] kn. ak. dipêksa, dijiyat.
pêrkutut: kn. ar. manuk.
pêrkongkong: pating [x] pc. padha linggih mêkongkong.
parkotok: pating [x] pc. 1 padha nywara krotok-krotok; 2 padha brontok (kulite).
pêrlaya: êngg. kn. pagêblug; kc. pralaya.
pêrlak: (W) kn. cita kang linapis sabangsa karèt.
--- 487 ---
pêrlambang ~ (pêsa).
pêrlambang: kn. ak. pralambang.
pêrlawanan: pc. pasulayan, mêmungsuhan.
pêrlègên: ora [x] êngg. pc. ora isin, ora wêdi.

(pêrlèng): di-[x] êngg. pc. diulur, diundur (wêktune lsp).
pêrlik: pating [x] pc. katon padha kêrlip-kêrlip.
pêrlip: (-pêrlipan) êngg. pc. dhêmênan.
pêrlu: (A) kn. 1 kudu ditindakake (yaiku nglakoni sêmbahyang 5 waktu tmr. Islam); 2 pc. nindakake salat; 3 kudu; 4 butuh migunakake (nganggo); 5 wigati; 6 ak. atas saka dhêdhuwuran; ana [x]: ana prakara kang kudu ditindakake (dilakoni); duwe [x] pc: duwe gawe (mantu lsp); [x] kanggo: gunane dianggo; dipêrlokake: 1 dianggêp pêrlu; 2 ditindakake kalawan têmên-têmên.
pêrlup: êngg. pc. 1 pêpacangan; 2 wis ora sêrêd (tmr. sêkrup, ajing-anjingan lsp).
pêrlok: pating [x] pc. padha katon gilap-gilap.
pêrlop: (W) kn. 1 sawatara dina (sasi) ora nyambut gawe; 2 dilèrèni marga saka panjaluke dhewe.
(pêrlos): di-[x] kn. ak. 1 dilèrèni, dicopot; 2 diuwali, diluwari.
pêrmadani: kw. babud; kc. prangwêdani.
permainan: êngg. pc. dolanan.
pêrmana: kn. ak. cêtha tamat pandêlênge; kc. pramana.
pêrmati: kn. kalawan bêcik (panjagane, panyimpêne lsp).
pêrmèl, pêrmil: kn. kayu plêngkungan dianggo sanggan (cithakan) pagêr bata kang mlêngkung (buk lsp).
pêrmèn: kn. 1 kêmbang gula kang sumriwing; 2 (lênga [x]) lênga sumriwing dianggo têtamba.
pêrmili: êngg. kn. sanak sêdulur, kadang.
pêrminil: êngg. pc. 1 kriminil; 2 pêrlu, wigati.
pêrmingsi, pêrmisi: (permiyos k) êngg. pc. 1 pamit; 2 idin, palilah; 3 lèrèn saka panggawean.
pêrmumuh: pating [x] pc. katon padha ngêmu banyu (tmr. gudhig).
pêrmomong, pêrmongmong: pating [x] pc. padha katon murub mêngangah.
pêrnah: kn. 1 dunung, ênêring ênggon, up. [x] kulon; 2 wis dumunung (sumèlèh) ing papan kang prayoga; 3 gêgayutaning saduluran kapênêr, up. [x] kakang; 4 êngg. wis krasan; di-[x]-ake: didunungake ing, disèlèhake ing papan kang prayoga; kc. kapêrnah.
pêrnèng-pêrnèng: êngg. kn. katon sumorot; kc. mêrnèng.
pêrnès:(-an) kn. 1 têtêmbungan ut. pratingkah kang ginawe-gawe (lumrahe ngêmu rasa miluta, mêmencut); 2 êngg. pêrdulèn marang, kumudu-kudu wêruh.
pêrnis: (W) kn. bngs. cèt gilap; di-[x]: dicèt gilap.
pêrngangah: kn. ak. abanging urubing gêni; pating [x]: 1 padha katon mêngangah; 2 padha katon abang sumorot (tmr. praèn lsp).
pêrngèngès, pêrngingis: mak [x] pc. mak cêngèngès(-cêngingis).
pêru: êngg. kn. rêmpêlu.
pêrung: ut. di-[x] kn. diilangi godhohe (tmr. kuping).
pêrut: kn. padha njêkêthut (tmr. kuping).
pêron: kn. ar. têtuwuhan rambat.
(pêrpak): di-[x]-i kw. dicêdhaki, diparani.

pêrpat: kn. ak. pangiring, batur; kc. parêpat.
(pêrpêk): di-[x]-i kw. dicêdhaki, diparani.
pêrplèstêr: (W) kn. wong wadon kang mulasara wong lara (ing dhoktêran).
pêrpondhêng, pêrpondhing: (W) kn. pajêg bale pomahan.
pêrsabên: pc. 1 kandha marang, awèh wêruh; 2 êngg. pamit, njaluk palilah; kc. prasabên.
pêrsah, pêrsak: pc. krasa ngêrês (kurang rêsik).
pêrsanakan: pc. prasanakan.
pêrsandha: kw. supata, sumpah, niyat ora bakal nglakoni.
pêrsèn: I (W) kn. 1 ganjaran, pawèwèh mirunggan; 2 opah, bêbungah; di-[x]-i: diwènèhi pêrsèn. II (W) kn: praatus (%). III (W) kn: ana.
pêrsendhean: êngg. kn. sendhean ing.
pêrsêkot: pc. êmpingan (bayar, sewan lsp).
pêrsikan: kn. ak. bêrsihan.
pêrsil: (W) kn. bumi nêgara kang disewa 75 taun.
pêrsis: pc. trêp bangêt, mèmpêr bangêt.
pêrslah: pc. palapuran.
(pêrsudi): di-[x] kn. diudi murih, ditêmênani.
pêrsobatan: êngg. pc. mêmitran.
pêrsonil: (W) kn. 1 punggawa; 2 (pajêg [x]) ar. pajêg.
(pêrtal): di-[x] pc. disalin ing basa liya; [x]-an pc: salinan ing basa liya.
pêrtapan: pc. pratapan.
pêrtelan: pc. pratelan.
(pêrti): I dipêrtèni êngg. pc. diopèni kanthi bêcik.
pêrtidesa: II êngg. kn. bêrsih desa.
pêrtingkah: pc. pratingkah, tingkah.
pêrtingsing: kakehan [x] pc. kakehan santolan.
pêrcados: êngg. k. pracaya.
pêrcadosan: êngg. k. prajangjian.
pêrcaya: pc. pracaya.
pêrcat-pêrcèt: mak pêrcèt pc. lunga tanpa sraba-sraba.
pêrcêt: mak [x] pc. 1 sanalika lair (mêtu); 2 ks. lair.
pêrcil: kn. kodhok cilik.
pêrcumah: êngg. pc. 1 lêlahanan; 2 tanpa guna.
pêrcobakan: pc. jajalan, pacoban.
pêrwande: n. pêrwandos k. êngg. wis mêsthi.
(pêrwasa): di-[x] êngg. kn. dikaniaya; kc. prawasa.
(pêrwinci): di-[x] êngg. kn. diprinci-princi.
pês: mak [x] pc. sanalika kimpès.
(pêsa): di-[x] pc dipêksa.
--- 488 ---
pêsaja ~ pêcêrèn.
pêsaja: pc. pasaja.
pêsagi: pc. pasagi.
pêsan: pc. pêksan.

pêsat: kn. 1 wilah ut. pring jêpataning lawangan bêkungkung, pasangan tikus lsp; 2 jêpatan; 3 ak. pir jam; di-[x] (-ake): dijêpatake; kc. bêsat, mêsat.
pêsêng: êngg. kn. pasang.
pêsi: I ancêring lading, kêris lsp. kang manjing ing garane. II k. pc: manuk; kc. pêksi.
pêsiyar: kn. ak. bêsiyar.
pêsing: I kn. ambu kaya dene ambuning uyuh. II ut. pêpêsing kn: pawèwèh (lumrahe wujud jarit) saka pangantèn lanang marang êmbane (êmbahne) pangantèn wadon; kc. pêcing.
pêsisir: kn. pasisir.
pêsmèn: pc. pasêmèn.
(pêsu): di-[x] kn. diudi (diêtog) kalawan têmên-têmên (tmr. badan, budi lsp).
(pêsud): di-[x] êngg. kn. diusap, dibêsud.
(pêsus): di-[x]-i êngg. kn. dipususi (tmr. bêras).
pêsut: kn. ar, iwak loh.
pêrtangan: êngg. kn. sapu-tangan (kacu).
pêstil: pc. pastil.
pêstul: pc. pistul.
pêstrèn: pc. paèstrèn (sawah pinggir kali).
pèsthi: kn. 1 (ut. pêpêsthèn) lêlakon kang wis ditêmtokake (ing kêrsaning Allah); 2 ak. kudu kêlakon (ora kêna ora); 2 ditêtêpake kèhe (wêktune lsp), dicumpi; dipêsthèkake: dijagakake, dianggêp wis mêsthi; kc. mêsthi.
pêt: kn. 1 (mak [x]) pc. sanalika ilang padhange; 2 êngg. trêp têkan ing; 3 êngg. samangsa, wiwit saka.
pêtak: I kn. ak. pambêngok, pênggêrtak; mêtu [x]-e pc: ngêtokake kamêmpêngane (kadigdayane); lindhu [x] br: lindhu kang nggênjot; di-[x]-i êngg: digêtak, dibêngoki digusah (tmr. cèlèng lsp). II dipun-[x] k. ak: dipêndhêm, dikubur.
pêtasan: êngg. kn. mrêcon.
pête: kn. ar. woh sarta wite.
pêtèk-pêtèk: pc. pêpindhan swaraning pitik.
pêtèntèng: pating [x] pc. padha katon umuk.
pêtengge: pating [x] pc. padha linggih ana ingarêp.
pêtete: mak [x] pc. sanalika mulur-mêtu.
pêtete-pêtete: pc. solah tingkahe katon kumênthus.
pêtètèng: pc. kc. pêtèntèng.
pêtêk: I di-[x]: 1 kn. ak. diênêtake; 2 (ut. di-[x]-i) ki. dipijêt(-i); 3 (ut. di-[x]-ake) pc. dikudokake nglakoni (tumindak). II êngg. kn: bngs. sabuk. III di-[x] êngg: dipêndhêm; kc. pêtak.
(pêtêl): di-[x] kn. diênêtake; di-[x]-ake pc: dikudokake tumandang (nglakoni).
pêtêng: kn. 1 ora padhang; 2 ora têrang (tmr. prakara lsp); 3 ora absah ut. ora miturut anggêr-anggêr (tmr. barang colongan, slundupan, sêkongkêlan lsp); 4 bunêg ut. susah (tmr. ati, pikiran); 5

katon mrêngut (tmr. polatan); di-[x]-i: dialing-alingi (ditutupi lsp) nganti pêtêng; [x]-an: 1 papan kang pêtêng; 2 kêbênêr ora ana rêmbulan (tmr. wayah bêngi); 3 pc. jaga-malêm; kc. kapêtêngan.
pêtêng ndhêdhêt:(gagap ak) kn. pêtêng bangêt.
pêtik: kn. ak. (pam-)bêngok; di-[x]: dibêngoki (nèmpèl ing kuping, tmr. wong ora eling lsp); dadi [x]-an ak: sumaput, ora eling.
pêtinggi: êngg. kn. lurah desa.
pêtis: kn. kênthêlan duduh iwak (urang lsp).
pêt-klampêt: pc. banjur ora tau ngaton.
pêtung: kn. ar. pring gêdhe.
pêtok: (-pêtok) pc. pêpindhan swaraning babon.
pêtontong, pêtotong: pating [x] pc. 1 padha mêtu ndolèr dawa; 2 padha umuk-umukan.
pêtoto: mak [x] pc. sanalika mêtu moto-moto.
pêt-pêtan: kn. krasa pêtêng pandêlênge (marga sumaput lsp).
pêtrèk-pêtrèk: kn. bêngok-bêngok ngundang (tmr. wong wadon).
(pêtri): dipêpêtri kn. 1 diopèni bangêt; 2 diajèni bangêt (tmr. kuburan lsp).
(pêca): di-[x] kn. ak. diwêca.
pêcah: kn. 1 rusak (rêmuk) pisah-pisah tmr. cangkir, piring lsp; 2 pisah-pisah dadi perangan cilik-cilik; 3 ent. pisah-pisah tmr. pamitran, sêduluran, pakumpulan lsp; 4 ([x] nalare) bisa mikir lan migunakake nalare; 5 konangan ing akèh (tmr. prakara wadi); di-[x]: diperang (dirêmuk lsp) supaya pêcah; di-[x]-ake: ditibakake lsp. nganti pêcah; [x]-an: 1 apa-apa kang wis pêcah; 2 cacah kang kurang saka sawutuh; kc. mêcah.
pêcak: I kn. 1 (sa-[x]) sadawaning sikil ditapakake (saka tungkak têkan driji); 2 ([x] pisan) ak. lagi wiwitan, lagi wiwit nindakake; di-[x]-i: diukur dawane nganggo pêcak. II êngg. kn: jaring cilik nganggo palangan cawangan. III êngg. kn: ar. bumbu (gula, asêm, kêtumbar) dianggo mbumboni iwak.
pêcal: êngg. k. sawah.
pêcalang: n. pêcambêng k. êngg. bngs. pulisi; kc. pacambêng.
(pêcat): di-[x] kn. ak. 1 dicopot, dirucat; 2 dilèrèni saka pagawean; 3 diuculi; mêcati: sêkarat ngarêpake mati.
pêcat mati: pc. nganti tumêka ing pati.
pêcat sawêd: kn. (wayah) nguculi sawêding sapi kang dimêgawèkake.
pêcèh: êngg. kn. rèmbès (matane).
(pêcèk): di-[x](-i) kn. dibacoki dicuwil-cuwil.
pêcèran: êngg. kn. pacêrèn.
pêceca-pêcece: kn. solah tingkahe katon kumênthus.
pêcêl: kn. ar. lêlawuhan kang digawe jêjanganan karo sambêl.
pêcêncêngan: êngg. pc. pêthênthêngan.
pêcêngès, pêcêngis: mak [x] pc. sanalika mringis.
pêcêrèn: pc. pacêrèn.
--- 489 ---
pêcil ~ pêthithil.

pêcil: êngg. k. anak.
pêcing: I kn. 1 ak. ambu kang bangêr; 2 gombal diclup ing uyuh lsp. ditancêbake ing sawah dianggo nulak ama (cèlèng lsp); luput [x] pr: ora kêna dipalangi kêkarêpane. II ut. pêcingan êngg. kn: ujuran; di-[x] êngg: dijaluki ujuran; kc. pêncing.
pêcical-pêcicil, pating pêcicil, pêcicilan: kn. matane pêndêlikan (marga nêpsu lsp).
pêcuk: kn. 1 (ut. pêcruk) ar. manuk pakanane iwak loh; 2 (Landa [x]) êngg. ks. Landa pranakan (asor); 3 êngg. pecok, kc. mêcuk.
pêcus, pêcrus: ora [x] pc. ora bisa.
pêcut: kn. cêmêthi garane dawa; di-[x](-i): 1 disabêt(-i) ing pêcut; 2 pc. digirèkake supaya mêmpêng.
pêcuca-pêcucu: pc. cangkême maju mundur (marga ora sênêng lsp).
pêcoh, pêcroh: kn. 1 cucuk-cucukan; 2 pc. pêpadon; di-[x]-i: dicucuki, dipêndèl; 2 ent. dipadoni, tansah dibêbeda.
(pêcok): di-[x](-i) kn. dikêthok(-i), dipancas(-i) nganggo arit lsp. (tmr. pang lsp).
pêcot: êngg. kn. copot; kc. pêcat, copot, pocot.
pêcruk: kn. ar. manuk pakanane iwak loh; kc. pêcuk.
pêcroh: kn. cucuk-cucukan; kc. pêcoh.
pêtha: kn. êngg. ak. gantha, wêwujudan; 2 (ut. pêpêthan) wêwujudan têtironing barang; 3 ak. cêngkorongan, karêp; 4 ak. caraning tumindak; di-[x]: 1 ak: diwangun, diwujudake; 3 digambar (diwujudi) kaya dene; kc. pêpêthan.
pêthak: k. putih.
pêthakan: êngg. k. 1 slaka; 2 mori.
(pêthakil): di-[x]-ake kn. digubêdake ing (tmr. sikil); [x]-an: 1 sikile tansah dipêthakilake; 2 pc. sugih reka kang ala.
pêthal: kn. uwal sarta pisah; di-[x]: 1 diuwalake lan dipisah; 2 (ut. di-[x]-i) dipaculi (tmr. pojokaning sawah sing ora katut (diwluku).
pêthangkrèk, pêthangkrik, pêthangkring, pêthangkruk, pêthangkrok, pêthangkrong: pating [x] pc. padha linggih ana ing papan kang dhuwur.
pêthangthang, pêthanthang: pating [x] pc. linggih sikile dibêgagahake.
(pêthar): di-[x]-ake kn. ak. diêlar diambakake (tmr. ali-ali lsp); kc. pêthèr.
pêthat: I kn. 1 pêdhot pisah (ora gêlêm campur manèh); 2 ak. lèrèn mari udan (tmr. mangsa rêndhêng); di-[x]: dipisah diuwalake (kanthi pêksa); kc. bêthat, pêthèt. II ki: jungkat.
pêthathak: pating [x] pc. padha linggih sikile mbêgagah (tmr. wong wadon).
pêthathus: pating [x] pc. padha njathus.
pêthèk: kn. pambadhe, pamêca; di-[x]: 1 diwêca, dibadhe lêlakone kang bakal kêlakon; 2 pc. dibêdhèk, dibatang.
pêthekol: pating [x] pc. lêlêkêran kiyêng (tmr. lêngên).
pêthèl: kn. wadung cilik nganggo sangkal; di-[x](-i): tamani pêthèl.

pêthèn: kn. pêthi cilik.
pêthèngkol: pating [x] pc. pating prenggok (tmr. pang lsp).
(pêthèngkrèng): di-[x]-ake pc. disèlèhake ing papan kang dhuwur.
pêthèngthèngan, pêthènthêngan: pc. padha katon umuk tangane mêthènthèng.
(pêthèr): di-[x]-ake kn. diêlar diambakake (tmr. ali-ali lsp); kc. mêthèr.
(pêthès): di-[x] kn. dikêrêngi têmênan (ênggone mulang muruk).
pêthèsèl: pating [x] pc. katon cilik-cilik nanging kiyêng.
pêthèt: I di-[x](-i) kn. diêlih ditandur (ing tamanan lsp); [x]-an: têtuwuhan kang dipêthèt (lumrahe tamanan). II êngg. kn: jungkat; kc. pêthat. III di-[x]-i pc: dicêthèti ing biting lsp. tmr. gangsir sing diêdu.
pêthethah-pêthèthèh: pc. linggih sikile njênggar.
pêthèthèk: pating [x] pc. dhêngkule mênga (linggih, mêmènèk lsp).
pêthethe-pêthethe: pc. pating pêtèntèng.
pêthêkêl: pating [x] pc. lêlêkêran kiyêng (tmr. lêngên).
pêthêl: kn. tumêmên tabêri ing gawe; di-[x]-i: ditabêrèni.
pêthêngkukan: pc. (padha) linggih mbungkuk.
pêthêngkrêng: pating [x] pc. padha linggih mênêng bae.
(pêthêt): di-[x](-i) kn. dikêthok (diiris) pucuke sathithik.
pêthêthêk: pating [x] pc. padha têtumpukan ora tata (tmr. panganan lsp).
pêthi: kn. wadhah wangun pêsagèn mawa tutup.
pêthik: I kn. 1 ak. piranti dianggo ngulir sêkrup; 2 êngg. palu cilik, tatah. II di-[x](-i) kn. 1 dipêthil saka ing gagange (tmr. kêmbang, godhong lsp); 2 dicuplik diêmot ing layang (koran) liya tmr. karangan; 3 dipilihi; (pê-)[x]-an: 1 cuplikan saka layang (koran) liya; 2 pilihan.
pêthil: I kn. uwal saka ing gantilane; di-[x]: 1 diuwalake saka ing gantilan; 2 êngg. dipirid, dipêthik, dicuplik; 3 dijupuk (dituku) sasêle (tmr. barang gêgandhokan); 4 dipilih dipatah nindakake; [x]-an: 1 kang wis pêthil, kang dipêthil; 2 crita mung saperangan (tmr. wayang lsp). II kn: palu cilik (kêmasan).
(pêthing): di-[x] kn. ak. dipilih (dianggêp) kang bêcik dhewe; pêpêthingan: pêpilihan kang bêcik dhewe.
pêthingkrang, pêthingkrik, pêthingkring: pating [x] pc. padha linggih ana ing papan kang dhuwur.
pêthingthing, pêthinthing: pating [x] pc. katon kêncêng singsêt (tmr. nganggo sandhangan).
pêthit: kn. perangan kang pungkasan (tmr. buntut ula, têkên, gambang lsp); kc. mêthit.
pêthithil: pc. cêthil bangêt.
--- 490 ---
pêthuk ~ pikarêpan.
pêthuk: I kn. ak. gathuk, kêtêmu, cocog karêpe; di-[x]: dipapag; di-[x]-ake: dipapagake; [x]-an: 1 kêtêmu gathuk; 2 barang-barang lsp. kang mêthuk (pangantèn lsp); kc. kêpêthuk. II ut. [x]-an êngg. kn: buntêlan; di-[x] êngg: dibuntêl. III kn: layang katêrangan ut. kwitansi (pajêg lsp).

pêthungkruk, pêthungkrug: pating [x]: pc: padha linggih gêgêre mbungkuk.
pêthungthung, pêthunthung: pating [x] pc. padha abuh mlêmpung.
pêthut: kn. wong kang kêndêl sarta atos, jêjênggul.
pêthuthuk: pating [x] pc. padha umpuk-umpukan; di-[x]-ake pc: disèlèhake umpuk-umpukan.
(pêthok): I di-[x]-i êngg. kn: dithuthuki (tmr. slarak kandhang, sindik, ganjêl lsp, supaya manjing); lênga [x]-an êngg. ak: lênga klêntik lsp. kang dipipit. II êngg. pc: layang pêthuk.
pêthokol: pating [x] pc. pating pêthekol.
(pêthol): di-[x]-i êngg. kn. diidak-idak lsp. supaya lêmbut (tmr. gêmpalan lêmah kang atos ing sawah ut. têgal).
pêthongkrong: pating [x] pc. padha linggih ana ing papan kang dhuwur.
(pêthot): di-[x](-i) kn. 1 dibêthot, diuwalake kanthi pêksa; 2 dipisah (disapih) kanthi pêksa; kc. bêthot, pêthat.
pêthothok: pating [x] pc. pating pêthathak.
piadu: kw. pêpadon, padu.
piagêm: kn. layang pratandha prajanjian (pikêncêng lsp).
piala: n. piawon k. tindak kang ala; dipialani: digawe cilaka; kc. ala.
piandêl: kn. 1 ak. tanggungan; 2 prakara kang diandêl; kc. andêl, pangandêl.
pianjur: kw. pangarêp; kc. panganjur.
pianggêp: kw. gagasan, panganggêp; kc. anggêp.
piangkah: kw. maksud, pangangkah; kc. angkah.
piangkuh: kw. umuk; kc. angkuh.
pi-api: kn. api-api (ethok-ethok).
(piarsa): dipiarsakake kw. dirungokake; kc. miarsa.
piatu: êngg. kn. bocah lola.
piblik, publik: êngg. pc. wong umum.
pidak: I di-[x] kn. diidak; [x]-an ak: kêmiri adon. II wong [x] (-padarakan) kw: wong asor.
pidana: kw. siksa, paukuman; di-[x]: diukum, disiksa.
pidari: kw. 1 lêrêb, palêrêban; 2 palêmahan.
pidèh: êngg. pc. pidih.
pidêksa: kn. gêdhe lan dhuwure timbang (tmr. pawakan, pangadêg).
pidih: I di-[x] kn. 1 diênêtake ing jêmpol ut. driji; 2 ent. dikêrasi, diplindêr; 3 êngg. ak. dipêsu. II kn: malam dicampuri lênga, godhong dhandhang-gula lsp. dianggo ngirêng alis, maèsi lsp; di-[x]: diirêng nganggo pidih.
pidikan: kw. langgar, sanggar pamujan.
piduwung: kn. ak. rasa gêtun; kc. kêduwung.
pidosa: kw. kaluputan, dosa; kc. dosa.
pijana: kw. taman, patamanan.
pijar: I êngg. kn. mokal, nglêngkara. II êngg. kn: pijêr (tansah).
pijêr: I kn. tansah. II kn: bngs. ganda-rukêm dianggo ngadoni patri. III kn: plêtikan (cuwilan) wêsi kang digêmblèng. IV kn: kupu cilik-cilik.

pijêt: kn. pêtêk ki. diênyêt-ênyêt badane supaya mari sayah lsp; di-[x]: 1 diênêtake nganggo driji, dipèjèt; 2 (ut. di-[x]-i) diênyêt-ênyêt badane supaya mari sayah.
pijêtan: kn. langsêb.
piji: I di-[x] kn. dipatah (ditanggênah) nindakake sawijining pagawean. II kn: ar. wit bngs. jambe.
(pijig): di-[x] êngg. ak. dipiji.
(pijir): di-[x](-[x]) kn. ak. dietung tliti bangêt; kc. ijir.
(pijrah): di-[x] kn. ak. dipijir; kc. ijrah.
(pidhangêt): di-[x]-ake ki. ak. dirungokake.
pigêgêl: êngg. kn. tandha-mata, tandha pangeling-eling; kc. gêgêl.
pigujêngan: k. ak. gêguyon.
pigurah, pigorah: êngg. kn. wêngku gambar potrèt lsp.
piguna: kn. ak. paedah, guna; migunani: maedahi.
pih: êngg. kn. kalenan; kc. pèh.
pihak: êngg. pc. pehak.
(piyagah): di-[x] kn. ak. ditindakake miturut sasênênge dhewe; kc. wiyagah.
piyayi: n. piyantun k. pc. priyayi.
piyak: kn. sumisih ngiwa nêngên; di-[x]: 1 disisihake ngiwa nêngên; 2 ak. dibukak (wadine lsp); kc. wiyak.
piyambak: k. dhewe.
piyambêk: êngg. k. dhewe.
piyantên: êngg. k. piyara.
piyapat: kn. ak. kawruh, wirasat.
(piyara): di-[x] êngg. kn. 1 diingu; 2 diopèni lan dipêpêrti.
(piyarsa): I dipiyarsakake kw. dirungokake. II di-[x] êngg. ak: didêlêng, ditonton; kc. pirsa.
piyas: êngg. kn. biyas.
piyatu: êngg. kn. bocah lola.
piye: pc. kêpriye.
piyèk-piyèk, piyik-piyik, piyêk-piyêk: pc. pêpindhan swaraning pitik cilik.
(piyêk): di-[x] kn. ak. dipidak, ditindhês.
piyik: kn. dara ut. manuk ênom.
piyul: (W) kn. bngs. rêbab wêton Eropah.
pik: I di-[x]-[x] pc. diowah-owah (dianggo, diêlongi). II pc: ping. III pc. dhisik. IV êngg. pc: mung.
pikajêngan: k. pikarêpan.
pikalah: n. pikawon k. ak. ênggone kalah.
pikandêlan: kn. ak. pracaya, ngandêl.
pikantuk: k. pakolèh.
pikang: êngg. kn. pukang.
pikangsal: êngg. k. ak. pakolèh.
pikarêpan: n. pikajêngan k. ak. kang dikarêpake (maksud, pêpenginan).
--- 491 ---

pikat: kn. 1 manuk kang dianggo njontrot manuk liyane; 2 golèk manuk sarana pasangan; di-[x]: 1 dicêkêl (dipasang) ing pikat; 2 ent. dijontrot.
pike: kn. ar. cita.
pikèt: I (W) kn. tungguk, jaga; kc. pêkèt. II (W) kn: pathokan (dianggo têtêngêr lsp).
pikêr: êngg. kn. cikêr.
pikir:(-an) n. pamanah(-an) k. panggalih(-an) ki. 1 gagasan; 2 kakuwatan batin dianggo nglêlimbang, nggothak-nggathukake pangrêti; di-[x] n. dipunmanah k. digalih ki: dilimbang-limbang sarana pikiran; 2 dirêmbug, digatèkake.
piklah, pikne: êngg. cikbèn, karêbèn.
pikudhung: kn. ak. layang têdhakan (turunan) layang kêkancingan putusan lsp.
pikukuh: n. pikêkah k. ak. layang pratandha bab kontrak, dol tinuku, têtêpan pangkat lsp.
pikul: I n. rêmbat k. 1 gêgawan kang panggawane nganggo pikulan; 2 (wong [x] ut. pêpikul ak) jagul, kuli; 3 (wong [x]) êngg. wong desa kang baku mèlu duwe sawah sarta sanggan; di-[x]: 1 digawa nganggo pikulan; 2 disangga (wragade, lsp); [x]-an n. rêmbatan k: 1 gêgawan kang dipikul; 2 sêsanggan; 3 pring ut. kayu kang dianggo mikul (sarana ditumpangake ing pundhak, gawane digandhulake); 4 êngg. sawah sangganing wong sadesa. II (-dhacin) kn: 100 kati (61,761 kg).
pikun: kn. (tuwa [x]) jêmpo, tuwa bangêt.
(pikut): di-[x] kn. ak. dicêkêl, dicandhak.
pikuwat: kn. sarana kang dianggo nguwatake.
pikolèh: n. pikantuk k. pakolèh.
pikrama: n. pikramèn kw. ijab, ningkah, laki-rabi.
piksa:. 1 atur [x]: awèh wêruh, kandha marang; 2 êngg. k. êmbuh.
piksir: (W) kn. didadèkake gambar (tmr. potrèt).
pil: (W) kn. glintiran tamba (lumrahe kênini).
pilag: kw. bagus, ayu; kc. pelag.
pilah: kn. pisah karo panunggalane; di-[x](-[x]), di-[x]-ake: 1 dipisah didhèwèkake, ora dicampur; 2 ak. dipisah.
pilakon: n. pilampahan k. ak. lêlakon, kalakuan; kc. laku.
(pilala): di-[x] kn. 1 diêthing-êthing, diaji-aji; 2 diopèni (digulawênthah, dipiyara) kalawan têmên-têmên; 3 digolèki (dipilih) dening dianggêp aji bangêt.
pilalah: ut. di-[x] kn. ak. aluwung, angur; kc. plalah.
pilalan: kn. kang dipilih (dipilala).
pilalu: ut. di-[x] êngg. kn. aluwung, angur.
pilampu: ut. dipilampu, lampu êngg. kn. aluwung, angur.
pilang: kn. ar. wit.
pilang-pilang: kn. wis bêgja dene ..., wilang-wilang.
pilaur: ut. di-[x] kn. ak. aluwung, angur.
pilapilu: kw. yiyid.

pilapuran: kn. ak. palapuran.
pilar: I di-[x] kn. disigar mujur (tmr. kayu pring lsp); [x]-an: (kayu lsp) sigaran. II (W) kn: saka gêdhe kang digawe tembok.
pilara: n. pisakit k. ak. ênggone gawe lara; di-[x]: digêbugi lsp. nganti lara.
pilas:(-an), pilasi, pilasèn êngg. pc. luwihan kang ora kêpetung.
pilèh: di-[x] êngg. pc. dipilih.
pilèk: êngg. ks. anak.
pilêg: kn. lara irunge tansah ngêtokake umbêl.
pilênggah: k. pilungguh.
pilênggahan: kn. ak. padha jagongan.
pilêrên: kn. lara ngilêr (tmr. pitik).
(pilês): di-[x] êngg. kn. 1 diuntir (tmr. tali lsp); 2 diulêd (tmr. lêmpung lsp); kc. ilês.
pilêt: êngg. k. pilih.
pilih: I kn. 1 (ut. [x]-[x]) mbedakake êndi kang dadi panujuning ati; 2 êngg. aluwung; 3 (ut. [x]-[x]) êngg. pc. walak-walak, gumantung marang; ora [x]: ora nganggo mawang; di-[x]: 1 (ut. di-[x]-i) dijupuki êndi kang dadi panujuning atine; 2 ditêtêpake dadi (lurah, pangarsa lsp); [x]-an: 1 caraning milih; 2 kang dipilih; 3 pinunjul tinimbang panunggalane. II ut. pilih-pilih kn. ak: arang-arang, ora sabên, up. [x] jalma kang udani. III kw: 1 yèn, mênawa; 2 bilih.
pilih asih: (-kasih) kn. ora adil, ana salah siji kang diêsihi.
pilih bobot: (-tandhing) kn. ak. arang-arang kang bisa nandhingi.
pilih-lalab: ora [x] pc. kabèh dirampêd padha bae.
pilingan: kn. lêkokan ingiringaning êndhas sangarêping kuping.
pilis: I kw. pilingan; kc. kêpilis. II kn: tamba kang dilarikake (ditèmplèkake) ing bathuk ut. ing pilingan; di-[x]-i: dilariki pilis. III êngg. kn: imbuh saluwihing takêran; kc. ilis.
pilulusan: kn. ak. idin, palilah; kc. lulus.
pilungguh: n. pilênggah k. ak. 1 dêdunung ing, manggon ing; 2 ak. bngs. pisungsung tandha bêkti (saka priyayi kang mêntas diangkat); di-[x](-ake): diaturake marang (tmr. prakara, panyuwunan lsp); kc. lungguh, palungguh.
pilus: kn. ar. panganan.
(piluta):di-[x] kw. digêgèndèng atine supaya sih lsp.
pilong: êngg. kn. picak; kc. pithong.
pilpèn: kn. gagang pèn mawa isi mangsi.
pin: kn. lêt wirama panuthuking gamêlan.
pinadu, pinadonan: br: dipadu, dipadoni.
pinal: kn. penal.
pinandamêl: k. ak. pinanggawe.
pinandhita: Sang [x] kw. Sang Pandhita.
pinang: I kn. ak. sagrombol, sabrayat (tmr. pitik lsp). II êngg. kn: jambe; di-[x] kw: dilamar.
pinangantèn: Sang [x] br. Pangantèn.
pinangeran: Sang [x] br. Pangeran, bêndara.

pinanggawe: n. pinandamêl k. ak. dipanggawe (digunani lsp).
--- 492 ---
pinanggih ~ pinggan.
pinanggih: k. tinêmu (kêtêmu).
pinangka: I kn. asal, sangkan. II dipinangkani kn. dianani (dituruti) kang dadi panjaluke lsp.
pinara: kn. 1 dipara; 2 cacah kang dipara; kc. para.
pinarak: ki. linggih.
pinarbutan: kw. dirêbut ing akèh; kc. rêbut.
pinarêk: êngg. ki. linggih.
pinarêmas: kw. dirêngga ing êmas (tmr. panganggo); kc. parêmas.
pinarigi: kw. ditrapi tambak watu; kc. prigi.
pinaringan: br. diparingi (diwènèhi).
pinarsada: kw. dicandhi, ditumpuk; kc. prasada.
pinarwasa: kw. dipêksa, dikalahake; kc. prawasa.
pinasthi: br. wis dipêsthi.
pinasthika: kw. kang pinunjul dhewe.
pinatèn:(-an) n. pinêjahan k. br. dipatèni.
pinatik: kw. dirêngga ing (intên lsp); kc. patik.
(pindêng): di-[x] êngg. kn. dipêlêng; kc. pêndêng.
(pindêr): di-[x] kn. diplindêr; di-[x] liring br: tansah disawang.
(pindi): di-[x] kn. ak. 1 diênêtake (tmr. kapuk ing pangantihan); 2 tansah digêjêg (ing pitakon lsp).
pinjal: kn. 1 tuma asu, kucing lsp; 2 ciprataning banyu udan; [x]-an: panuthuke lêt lan mlumpat (tmr. nabuh gamêlan).
pinjêman: êngg. pc. silihan, utangan.
pinjung:(-an) kn. tapihan kang poncode kang dhuwur dilangkip dianggo nutupi susu (tmr. prawan cilik); kari [x] pc: nganti mlarat bangêt (ênggone nglabuhi sing lanang).
pindha: kw. mèmpêr, kaya; di-[x](-[x]) kw: dièmpêr kaya, diwangun kaya; pêpindhan kw: têtiron.
pindhah: I [x]-an k. ak. pêgatan. II dipun-[x]-i êngg. k: dipilihi. III k: ngalih; dipun-[x] k: diêlih. IV (babar [x]) k. ak: (babar) pisan; sa-[x] k. ak: sapisan. V [x] wulan(-taun) êngg. ak: ganti sasi (-taun).
pindhang: kn. ar. lêlawuhan.
pindhang wutah: pc. duwe gawe (mantu) wis sumêkta sanalika ora sida (marga pangantène lunga lsp).
pindho: (ut. ping [x]) n. kaping kalih k: 1 ambal ping loro; 2 urut-urutan kang ping lorone; 3 ping loro; di-[x] ak: dipindhoni n. dipunkapingkalihi k: diambali manèh, dibalèni nganti ping loro; pindhon kn: 1 kang dibabar manèh (tmr. bathikan); 2 kang wis tau kanggo; kc. mindho.
pine: kc. kapine.
pinèrêmas: kw:dirêngga ing êmas (tmr. panganggo).
pinis: (W) kn. bngs. paku jamur.
pinèt: kw. diêpèk, dipurih; kc. pèt.
pinêjahan: k. pinatèn.

pinêksa: br. dipêksa.
pinêsthi: br. dipêsthi.
pini: kc. kapini.
pinidana: kw. diukum; kc. pidana.
piniji: br. dipiji.
pinihan: pc. pawinihan.
pinilala: br. dipilala.
pinilara: br. dipilara.
pinilih: br. 1 dipilih; 2 kang dipilih, pilihan.
piniluta: kw. dipiluta.
pinitaya, pinitados: br. (kang) dipitaya.
pinituwa: n. pinisêpuh k. 1 (ut. pinikolot, piniwayah êngg) wong kang dianggêp tuwa dadi juru rêmbug lsp; 2 pangarêping gêgolongan wong agama Protèstan.
pinuju: kn. lagi kêbênêr; kc. panuju, tuju.
pinunjul: br. linuwih; kc. punjul.
pinupus: br. dipupus (ditrimakake).
pinurba, pinurwa: kw. 1 diwiwiti; 2 digawe, dikuwasani; 3 ([x] tanpa dosa asal) dilairake tanpa dosa asal (R. K.).
pinusus: udan lir [x] kw. udan kaya barêng angin diputêr (prahara); kc. pusus.
pinutra-putra: br. dilêlithing kaya anake (dianggêp anak).
pinrawasa: kw. dikalahake, dipêksa; kc. prawasa.
pinrêp: kw. ditêmpuh; kc. prêp.
pinrih: kw. dipurih.
pinta: I di-[x](-[x]) kn. dipanci (dicawisi) sapira kang kudu digarap (dianggo lsp); pêpintan ak: pêpancèn. II di-[x] kw: dijaluk.
pintèn: kn. ar. têtuwuhan.
pintên: k. pira.
pintêr: kn. 1 sugih kawruh lan panêmu apa dene bisa ngêcakake; 2 wasis, julig, sugih reka; di-[x]-i: direkani, diapusi.
pinti: êngg. kn. tali, kênur (pancing lsp).
pintu: êngg. pc. lawang.
pintu air: kn. gêjligan ing kalenan.
pintu angin: kn. lawang mawa tutupan sungsun-sungsun.
pintu monyèt:(-an) kn. lawang tutupane paron.
pinton: kn. barang kang dianggo conto (arêp diêdol lsp); di-[x]-i: dituduhi apa-apa dijaluki rêmbug; di-[x]-ake ak. dipintokake: dituduhake marang (pêrlu dijalukake rêmbug).
(pincad): di-[x](-[x]) êngg. ak. dipilah-pilah.
pincang: kn. 1 ora jêjêg; 2 jonjang (ênggone mlaku); 2 ent. ora timbang, ora ganêp, kurang.
pincuk: kn. godhong gêdhang ditêkuk sarta dibitingi ingisor lancip (dianggo wadhah sêga lsp); di-[x]: digawe pincuk (tmr. godhong), diwadhahi ing pincuk.
(pinyak): di-[x] pc. dipidak; kc. pênyak.
(pinyêt): di-[x] pc. dipênyêt.

ping: kn. 1 (-têlu, -pat lsp) katêlu, kapat lsp; 2 ambal ut. tikêl; di-[x]-ake: ditangkarake, ditikêlake (tmr. cacah).
pinge, pinghe: kw. putih.
pinggahan: k. ak. punggahan.
pinggala: (S) kw. ak. 1 abang tuwa; 2 julig.
pinggan: êngg. kn. ar. wadhah saèm. mangkok gêdhe.
--- 493 ---
pinggang ~ pisah.
pinggang: kw. bangkekan.
pinggêl: I di-[x] êngg. kn. diperang-perang (ditugêl-tugêl). II kw: gêlang; kc. binggêl.
pinggêt: kn. 1 gêrêt ut. lêkik marga dijiwit, ditalèni lsp. (tmr. kulit); 2 ([x] atine) pc. sêrik, lara atine; [x]-an atèn pc: laran atèn, gampang sêrike.
pingging: kw. bodho.
pinggir: kn. 1 têpi; 2 têpining kali lsp; di-[x]-ake: dilakokake lsp. mênyang ing pinggir; kc. minggir, paminggir.
pingil: I (A) kn. ak. 1 tindak-tanduk, kalakuan; 2 kasil (panguripan). II kn. ak: petungan.
(pingit): di-[x] kn. dikêkêr ut. disimpên kanthi prêmati (tmr. bocah wadon lsp); [x]-an: kang dipingit.
(pingkêl): kc. kêpingkêl-pingkêl.
pingul: I di-[x](-i) kn. ditegos (dipapras) lingirane (tmr. dandanan kayu); [x]-an: lingir kang dipingul. II kw: putih.
ping-ping: n. kaping-kaping k. pc. kêrêp bangêt.
ping-pingan: kn. tangkaran.
pingsêng: êngg. kn. 1 pisêk (irunge); 2 bindhêng.
piutang: kn. utang.
pipa: kn. sambungan rokok, srutu lsp; 2 wuluhan wêsi, gêlas lsp; 3 blombongan dalan kêbul ing pabrik, sêpur lsp.
pipi: kn. pangarasan ki: peranganing rai ing sadhuwuring wang; [x] lawang: pinggiraning lawang.
pipih: I kn. 1 (ut. pipèh, pipihan êngg) gombal; 2 indhing kêmpitan (tutup pawadonan yèn pinuju nggarap-sari). II di-[x] kn. ak: dithuthuki (tmr. arit, pacul lsp. supaya landhêp manèh).
(pipik): di-[x]-ake pc. dipilihake dianggo nalangi; kc. mipik.
pipil: I di-[x] kn. 1 dithithili (dicoploki) saka sauntu (tmr. jagung); 2 pc. dijupuki (digarap lsp) saka sathithik; 3 ditabuh ora dicaruk (tmr. nabuh crêmpung); [x]-an: 1 olèh-olèhane mipil; 2 ora carukan (tmr. nabuh crêmpung). II êngg. kn: girik ut. pêthuk (pajêg).
pipilika: (S) kw. ak. sêmut.
pipir: êngg. kn. 1 pinggir; 2 cêdhak; kc. mlipir.
pipis: I êngg. kn. ar. panganan diwungkus ing godhong banjur digodhog. II di-[x] kn: didhêplok (dilêmbutake) nganggo gandhik ana ing pipisan (tmr. tamba, jamu lsp); [x]-an: watu pêsagi piranti dianggo mipis.

pipit: kn. rapêt tanpa sêla (tmr. wong jèjèr-jèjèr lsp); di-[x]: 1 diênêtake (diplèpèt) nganggo watu tangkêban lsp. (tmr. gawe lênga kacang lsp); 2 pc. ditindhês, diplindêr ing pagawean, digapit; [x]-an êngg. pc: piranti dianggo mlèpèt.
pir: (W) kn. 1 wilahan waja tipis lan mêndal (ing rodha kreta, uwêr jam lsp); 2 (ut. cikar [x]) kreta arodha loro; 3 êngg. plênthong listrik.
pira: n. pintên k. 1 (pirang n. sangarêping têmbung aran) pitakon nakokake kèhe, cacahe, ukurane, rêgane, wêktune lsp); 2 (ut. pira-pira) pc. wis luwung (bêgja) dene ...: 3 (ut. pira-pira) pc: sênadyan sathithik (bangêt lsp); ora piraa pc: ora bangêt, ora mingsra; kc. mira, sapira.
pirabara, pirangbara: n. pintên banggi k: 1 pancène luwih prayoga yèn ...; 2 mêngkono kuwi wis jênêng lumayan, tinimbang ora ...
pira bêtahan: pc. apa bêtah (kuwat).
pirail: ilmu [x] (A) kn. ak. bab andum warisan; kc. prail.
pirak: êngg. kn. pisah, pêgat; di-[x] êngg: dipisah, dipêgat; [x]-an êngg: pisahan, pêgatan.
piralagi:(yèn) êngg: luwih-luwih yèn.
pirampungan: êngg. kn. pungkasan, karampungan; kc. rampung.
piranti: n. pirantos k. 1 prabot (dianggo ...); 2 abrag, bêkakas; 3 ak. srana, gunabisa; dipirantèni: dicawisi, dicêpaki disadhiyani prabot-prabote; kc. pranti.
pirang: n. pintên k. pira dianggo ing sangarêping têmbung aran); [x]-[x] pc: akèh bangêt.
pirangbara: n. pintên banggi k. kc. pira bara.
pirasat: kn. ak. wirasat.
(pire): dipirèkake kn. ak. disimpangake, disisihake; kc. mire.
pirêmbugan: n. pirêmbagan k. pangrêmbug, rêrêmbugan; di-[x]-ake ak: dirêmbugake.
pirêna: kn. ak. sênêng; kc. rêna.
(pirêng): dipun-[x]-akên k. dirungokake; kc. mirêng, rungu.
(pirid): di-[x] kn. 1 ak. diurut, dipêrês sarana diurut; 2 ditulad, diturut; 3 dipêthik (tmr. karangan lsp); 4 dijupuk surasane (tmr. piwulang lsp); di-[x]-i ak: ditamatake, digatèkake; (pê-) [x]-an: 1 tuladan (kang dijupuk surasane); 2 pêthikan (tmr. kêkarangan); 3 kang pantês ditulad (ditiru); kc. mirid, plirit.
(pirik): di-[x] êngg. kn. dijangka, dièsthi, dimelik.
piring: I kn. cawan gêdhe dianggo wadhah sêga, lêlawuhan lsp; [x]-an: 1 padha diwadhahi ing piring; 2 kang wangune kaya piring (plat gramopon lsp). II di-(pê-)[x]-i kn. ak: dipituturi (dingrêtèkake) sarana alus, disêmoni; kc. iring.
pirit: kn. ak. kc. pirid.
pirma: kn. ak. kawêlasan; di-[x], dipirmakake: dieman(diwèhi rêmbug lsp) murih bêcike.
pirmah: êngg. pc. pakumpulan dagang kang wargane padha mèlu tanggung jawab.
pirus: (A) kn. intên ijo.

piroga: kw. lêlara.
pir-piran: kn. nganggo pir.
pirsa: pc. kc. wêruh.
pis: pc. sabawa nggusah kucing lsp; 2 sabawa ngêlokake bocah waing; di-[x]-ake pc: ora dipaèlu, dirèmèhake bae.
pisah: kn. ora ut. mari gandhèng (-kumpul, -sambung); di-[x]: 1 dipilah supaya ora gandhèng (-kumpul, -sambung); 2 ditêngahi [di...]
--- 494 ---
[...têngahi] supaya mari padu (-kêrêngan); (pê-)[x]-an: 1 mari kumpul (-barêngan); 2 pêgatan; kc. misah.
pisah ~ pitrah.
pisah kêbo: kn: bêbojoan ora tunggal saomah (marga pasulayan ut. purik).
pisaid: kn. ak. pasêksi, pasêksèn.
pisak: kn. ak. pisêk.
pisalin: n. pisantun k. ak. pawèwèh awujud sandhangan sapangadêg.
pisan: kn. 1 (ut. sapisan) sarambahan, ambal ping siji; 2 kabèh dikatutake (dibarêngake), up. sêgane panganên pisan; 3 sanalika bêbarêngan; 4 pc. mêsthi bae, up. lara [x] lah wong kok thuthuk; kc. misan.
pisang: k. gêdhang.
pisarat: kn. ak. sarat, srana.
pisaca: (S) kw. ak. (wong-) cebol.
pisêk: kn. pèsèk, dhêkok (tmr. irung).
pisêr: kn. ak. mimis; di-[x] ak: diplintir, dipuntir (tmr. bolah, tampar kênur lsp).
pisin, pising: êngg. kn. piring cilik, cawan (lèpèk).
pisita: (S) kw. ak. daging.
piskucing: kn. ar. têtuwuhan.
pisuh: kn. têmbung kasar ut. pêpoyok kang saru; di-[x]-i: diujar-ujari têmbung saru (kasar).
pisuka: kn. ak. panujuning ati; kc. suka.
pisuna: (S) kw. panyambah, pangala-ala; kc. wisuna.
pisungsung: kn. pawèwèh (marang dhêdhuwuran) minangka tandhaning pakurmatan; di-[x]-ake: diaturake marang.
pispot: (W) kn. wadhah sêsukêr (-uyuh).
pista: kn. 1 riyaya gêdhèn; 2 (ut. pistan) êngg. tayuban; 3 kasukan mangan enak bêbarêngan wong akèh.
pistul, pistol: (W) kn. bngs. bêdhil cilik lan cêndhak.
piston: kn. obat ing patrum ut. ing panithiking bêdhil.
pit: I kn. panuli cina (dianggo ing mangsi bak). II (W) kn: sêpedhah; [x] kêblak êngg. pitmotor: pit dilakokake mêsin montor.
pita: I (S) kw. kuning. II (S) kw. ak: bapa. III (Prt) kn: cita ciyut dawa (mawa warna).
pitaya: n. pitados, pitajêng k: 1 ngandêl marang; 2 pracaya ut. masrahake pakaryan lsp. marang; 3 wong kang dipracaya (dipasrahi nindakake); 4 ak. kukuh, sêntosa, kêna diandêlake; di-[x]: diandêl,

dipracaya (nindakake, ngrêksa lsp); dipitayani: dipasrahi nindakake apa-apa; mitayani: kêna dipitaya, kukuh; dipitayakake: dipasrahake (dikon ngrêksa lsp) marang.
pitak, pitêk: êngg. kn. cathak, petak.
pitakon: n. pitakèn k: 1 (pandangon ki) apa kang ditakokake, cara ênggone takon; 2 ak. takon marang; di-[x]-i ak: ditakoni; [x]-an: wong kang ditêtakoni (dijaluki rêmbug lsp); dadi [x]-an pc: isih durung têrang; kc. takon.
pitara: (S) kw. ak. para lêluhur.
pitawa: kn. ak. putusaning para ahli anggêr-anggêr (agama).
pitêdah: k. pituduh.
pitêdhan: ki. ak. pawèwèh; kc. patêdhan.
pitêkur: kn. ak. linggih ngêningake cipta (nggagas prakara gaib).
pitêmbung: kn. ak. panêmbung.
pitêmbungan: kn. 1 têtêmbungan; 2 ak. kaklumpukane têmbung-têmbung.
pitênah: (A) kn. 1 panggawe ala kang dianggo maeka ing liyan; 2 panguman-uman, panyamah; di-[x] 1 dipanggawe, dipialani (sarana gunabisa, reka lsp); 2 dicamah, diala-ala, dirusak jênênge.
(pitêrang): mitêrang kn. njaluk katêrangan, nêrang marang; di-[x]-ake ak. dijalukake katêrangan marang; kc. têrang.
pitik: 1 êngg. kuthuk; 2 n. (ayam k) bngs. kewan iwèn; [x] trondhol dibubuti pr: wong mlarat dirog dhuwite (barang darbèke); [x] trondhol diumbar ing padaringan (-saba ing lumbung) pc: wong kêkurangan dipasrahi nyêkêl dhuwit lsp.
pitu: kn. 7; dipitoni: 1 diganêpi dadi pitu; 2 dislamêti ing nalikane mêtêng pitung sasi.
pituduh: n. pitêdah k. 1 kang dituduhake; 2 pitutur.
(pituhu): di-[x], dipituhoni kn. ak. digugu lan dilakoni (sabarang dhawuhe lsp); kc. tuhu.
pitulas: kn. 17.
pitulung:(-an) kn. srana kang dianggo nulung; di-[x]-i: ditulungi; kc. tulung.
pituna: kn. ak. karugian; mitunani: njalari tuna, ora migunani.
pitung: kn. 7 (dianggo ing sangarêping têmbung aran); [x] puluh: 70; [x] atus: 700 lsp.
pitungan: kn. ak. petungan.
pitungkas: kn. ak. wêkas; di-[x]-i ak: diwêkas.
piturut: kn. ak. mbangun-turut; di-[x] ak: digugu, diturut; kc. turut. miturut.
pitutur: kn. 1 (awèh) piwulang kabêcikan; 2 (awèh) pêpeling sarta pamrayoga (supaya ora nindakake kang ora pantês); di-[x]-i: 1 diwulang kabêcikan; 2 dikandhani supaya tumindak kang bêcik; kc. tutur.
pituwah: I kn. ak. 1 kasil ut. wohing pakaryan lsp. kang migunani (ut. kang aji bangêt); 2 êngg. tandha pangeling-eling; 3 pusaka; 4 kang tuwa, wiwit kuna mula. II kn. ak: pitutur (babagan agama).

pituwas: kn. 1 opahan lsp. kang dianggo lêliruning kangelan; 2 (sawah [x]) ak. sawah digadhuhake marang bêkêl kang wis lèrèh minangka pansiyun.
pituwi, pituwin: kw. tur, lan uga.
pitobat: kn. ak. pamartobat, tandhaning tobat.
(pitongton, pitonton): di-[x]-ake kn. dikebarake supaya ditonton.
pitrah: (A) kn. 1 dana wujud bêras lsp. lumantar marang kaum sabên lêbaran; 2 (sa-[x]) kèhing bêras lsp. satangan ditangkêbake lan dicêkodhongake; di-[x]-i: dijakati pitrahe (anak, bojo lsp).
--- 495 ---
pitrang ~ (planggêr).
pitrang: êngg. ak. bngs. kala.
pitroli: êngg. pc. lênga patra (-latung).
picak: kn. matane karo pisan ora kêna dianggo ndêdêlêng; di-[x]-ake ks: dianggêp picak, dianggêp ora wêruh.
pice: êngg. kn. pece.
picêk: êngg. kn. picak.
picik: êngg. pc. rupêk (kurang jêmbar kawruhe).
picis: I êngg. kn. 1 dhuwit; 2 pc. kêtip (10 sèn). II di-[x] kn. ak: diukum kisas sarana diiris saka sathithik.
(pithat): I di-[x] kn. ak. dipilah, didhèwèkake. II di-[x]-i kn. ak: dipilihi kang bêcik.
(pithês): di-[x] kn. 1 dijapit ing driji lan dipênêt (tmr. irung); 2 dipênêt ing driji (tmr. kewan cilik-cilik).
pithêt: I di-[x] êngg. kn. dipithês, dipênêt. II êngg. kn: bithêt.
pithi: kn. 1 bngs. kranjang (tenggok) cilik (dianggo takêran, wadhah bumbu lsp); 2 ar. tikus; 3 ar. kêrtu cilik.
pithil: kn. pêthil perangane; kc. prithil.
pithing: pc. kêpithing; di-[x] pc: dijapit nganggo pupu.
pithut: pc. kandêl sarta ciyut (tmr. mata).
pitho, pithong: êngg. pc. 1 pece; 2 ks. picak.
piwadul: kn. ak. wêwadul.
piwalês: kn. 1 pamalês; 2 wêwalês ala; kc. walês.
piwêlas: kn. ak. kawêlasan.
piwêling: kn. ak. wêling, wêlingan.
piwulang: kn. pitutur, wêwarah, pangajaran; kc. wulang.
piwucal: êngg. k. piwulang.
pyah: mak [x] pc. sanalika pêcah sigar lsp.
pyayama: kw. matur, kandha.
pyayi: n. pyantun k. pc. priyayi.
pyak: mak [x]: sanalika pilah (biyak); kc. piyak.
pyambak: k. pc. dhewe; kc. piyambak.
pyan: kn. 1 plangitan; 2 kepang rangkêpan payon.
pyang-pyangan, pyang-pyêngan: pc. kumudu lunga bae.
pyang-pyèng: pc. pêpindhan swaraning kêmpyang lsp.
pyèk, plêk: mak [x] pc. katêranganing apa kang tumangkêp.

pyuh: I mak [x] pc. sanalika tiba pêcah. II rêmuk [x] kn. ak: 1 rêmuk ajur; 2 kagèt bangêt.
pyuk: mak [x] pc. katêranganing ngapyuk, têmpuk lsp; kc. gapyuk, kapyuk.
pyung: mak [x] pc. sanalika padha lunga bêbarêngan (kaya lalêr, tawon lsp); [x]-[x]-an: padha mabur gêgrombolan akèh (tmr. lalêr, lêmud lsp).
pyur: mak [x] pc. katranganing kumêpyur ut. sumawur; di-[x]-i pc: disawuri; kc. kêpyur.
pyur-pyuran: pc. dhêg-dhêgan atine (kumêpyur).
pyoh: mak [x] pc. sanalika pêcah (tiba) banyune mêtu.
pyok: mak [x] pc. pêpindhan swaraning dhuwit diopyok-opyok lsp.
plajêng: k. playu.
plaga: kw. ak. kêthèk; kc. plawaga.
plak: I mak [x] pc. sabawaning nabok lsp; kc. kêplak. II êngg. pc: padha trêp, jiblès; kc. plêk. III di-[x](-i) pc: ditèmplèki.
plakangan: êngg. kn. wlakang.
plak glèdhèg: êngg. kn. bngs. cikar.
(plakên): di-[x]-i n. dipunplampahi k. ak. dijaluki, dikon; kc. palaku, mlaku.
plak-plêk: pc. sabawaning nênabok, ngantêm, nèmplèkake lsp.
(plaksana): di-[x] kw. 1 diroda-pêksa (dikaniaya lsp) pêrlu dianggo tuladha supaya wong liyane aja tumindak mêngkono; 2 diukum.
plaksègêl: (W) kn. sègêl dianggo pikêncêng nalikane tampan-tinampan dhuwit lsp.
plak siyêr: êngg. kn. dhokar arodha karèt.
plaksik: pating [x] êngg. pc. pating bêsasik.
(plala): di-[x] kn. ak. dipilala.
(plalah): di-[x] kn. ak. dipilalah, dilampu.
plalu: êngg. ak. luwung, pilalu.
plamar: kn. ak. tampar (tali) dipanthêng; kc. klamar.
plampitan: êngg. kn. pipitan lênga; kc. pipit.
plana: kn. ak. lapak.
planangan: n. pajalêran k. kalam ki. wêwadining wong lanang.
(plandang): di-[x] kn. ak. ditêmpuh; kc. wlandang.
(plandêr): di-[x] êngg. pc. 1 diowahi (tmr. tulisan); 2 dicorèk.
planjêr: kn. prêngkêlan daginging wlakang ut. gulu (marga lara).
plandhèn: êngg. kn. bngs. kerekan layar.
plandhungan: ki. konthol.
(plantrah): di-[x]-ake kn. ak. diplantrangake.
(plantrang): di-[x]-ake kn. 1 ditêrusake nganti kêladuk; 2 disasarake, dilorobake; kc. kêplantrang.
planca: êngg. kn. ambèn.
plancur: pating [x] kn. ak. padha katon sumurat.
plancoh: êngg. kn. pathokan dinggo uwat-uwat wit, cancangan prau lsp.

(plancong): mlancong kn. lunga plêsir-plêsir; [x]-an: dolan-dolan mlaku-mlaku, plêsiran.
planthangan: kn. 1 pring lsp. kang ditrap malang (dianggo mepe têmbako lsp); 2 bngs. ukuran kang digawe pring; kc. klanthang, mlanthang.
planthasan: pc. gundhul plonthos.
planthingan: pc. kurang ajar, ugal-ugalan.
(planthir): di-[x] kn. dikêdhuki digawe kalenan; [x]-an: kalenan.
planyahan: kn. lonthe.
plang: pc. 1 blabag (dianggo nyênyèlèhake lsp); 2 blabag lsp. tèkên (jênênging wong, desa lsp).
planggangan: kn. ak. planggrangan.
planggaran: kn. kaluputan bab nêrak anggêr (undhang); kc. langgar.
(planggêr): di-[x]-i kn. ak. diwatoni, ditêtêpake ing undhang-undhang (dilarangi); [x]-an êngg: têtêp, maton, mêsthi; 2 wêwaton, pêpacak; ora [x]-an êngg: ora mêsthi, ora ajêg.
--- 496 ---
(planggrang) ~ plèrèh.
(planggrang): di-[x]-ake kn. ditumpangake ing jagrag, sanggan lsp; [x]-an: jagrag, sanggan (dianggo mlanggrangake), ganjêl apa-apa sing digarang.
planggrok:(-an) êngg. pc. papan ut. gubug palerenan (pajagan).
planggrongan: kn. gubug lsp. ing wit. witan ut. nganggo cagak (dianggo njêjêpi buron alas lsp).
plangi: kn. sutra mawa corak kêkêmbangan (dianggo kêmbên, slendhang lsp).
plangitan: kn. êpyan, tutup têmpat tidhur (kreta lsp).
plangka: kn. kacampuran plonthang putih (tmr. ulêsing jaran, sapi lsp).
plangkah: kn. pawèwèh (wujud sandhangan lsp) marang sadulur tuwa kang dilangkahi ênggone omah-omah.
plangkan: kn. 1 ak. dhampar, palinggihan; 2 jagragan sanggan kêndhang, payung, tumbak lsp).
plangki, plangkèn: kn. ak. bngs. joli.
(plangkring): mlangkring kn. 1 mencok ing pang lsp. (tmr. manuk); 2 pc. ngundhakakake rêga (marga sing tuku katon sênêng); [x]-an: wilah (kayu) dianggo pencokan manuk (ing kurungan); kc. pangkring.
plangkrong: pating [x] kn. padha linggih ana ing pang lsp.
plang-plêng: pc. 1 diantêmi lsp. bola-bali; 2 tansah lunga.
plaur: ut. di-[x] kn. aluwung, dilampu.
plapah: êngg. kn. bumbu olah-olahan.
plapat: kn. ak. ngalamat, ilapat; di-[x] êngg: dingalamati, oleh ilapat.
plapuran: kn. kc. palapuran.
(plara): di-[x] ak. dipilara.
(plarah): di-[x] êngg. kn. digrayangi.
plas: mak [x]. lumêpas bantêr; kc. blas.
plas-plasan: pc. tansah lunga.

plasa: kn. ar. wit.
plat: (W) kn. 1 blebekan (lêmbaran) sing[12] lsp; 2 blèg lsp. ditulisi ciri angka, jênêng lsp. (ing montor, kreta lsp); 3 piringan gramopon.
plataran: I êngg. kn. undhak-undhakan; kc. tatar. II kn: palêmahan jêmbar sangarêping omah; kc. latar.
platuk: I kn. 1 ([x] bawang) ar. manuk; 2 tukang nêgor wit krambil; di-[x]: 1 ak. dicucuk; 2 ditêgor (tmr. glugu); 3 ks. disanggama; di-[x]-i ak: dijampangi dijangkung. II ut. [x]-an ak: panithiking pistoning bêdhil.
platun: kn. ak. kopral; kc. plêton.
plato: (W) kn. palêmahan wrata ing pagunungan.
platok: êngg. kn. platuk.
placêk: êngg. kn. pathokan jèjèr-jèjèr (ing sawah).
plathas: êngg. kn. dolan-dolan, plancongan; [x]-an êngg: tansah dolan-dolan, plancongan; kc. kêplanthas.
(plathok): di-[x]: disigar (tmr. barang kang atos, kayu lsp).
plawaga: kw. kêthèk.
plawahan: êngg. kn. jugangan jêro; kc. blawah.
plawangan: kn. ak. wong kang jaga lawang.
plawangga: kw. kêthèk.
plawungan, plawongan: kn. planggrangan wadhah tumbak lsp.
pledhang: êngg. kn. tukang patri kang idêr-idêr.
pledhungan: êngg. kn. plegungan.
(plegung): di-[x]-ake kn. dilèrènake ana ing eyuban (tmr. sapi lsp); [x]-an: pangasoning sapi lsp. ing eyuban.
pleyak-pleyok: kn. ora kukuh.
pleyat-pleyot: kn. 1 pleyak-pleyok; 2 pc. miyar-miyur, melat-melot.
plèyèk: pating [x] pc. tansah padha nêkuk mayat; kc. lèyèk.
plèk: I mak [x] pc. sanalika tumèmplèk. II pc: pêpindhan swaraning nyablèk lsp. III êngg. pc: blêntong rêgêd ing klambi lsp.
plekat: kn. sarung tênunan lirik-lirik.
plèkèk: êngg. kn. paklèkèk (pajêg nyêmbêlèh rajakaya).
plèlèh: êngg. pc. sambêl mung lombok karo uyah.
plèlèr: êngg. ak. pawèwèh wujud sandhangan marang batur; kc. lèlèr.
plendho: mak [x] pc. jêbul ora nuhoni jangji (ora nêrusake garapane, ora ndayani).
(plènèt): di-[x] pc. diênêtake nganti pèndèng (gèpèng).
(plèntèk): di-[x] êngg. kn. ditakok-takokake (digolèki) mênyang êndi-êndi.
plencang-plèncèng: pc. tansah nylèwèng (ora pênêr).
(plèncèng): di-[x]-ake pc. dienggokake ênêre, diblasukake; kc. mlèncèng, pèncèng, plencong.
(plencong): di-[x]-ake kn. ak. dienggokake ênêre, disèwèngake;[13] kc. mlencong.
plenthas: kn. gundhul plonthos; kc. plethas.
plenga-plenge: pc. tansah ngguyu mangap.
plengah-plèngèh: pc. tansah ngguyu.
plenggrongan: êngg. kn. planggrongan.

plengkok: pating [x] pc. padha têtêkukan ora kêncêng.
(plengkrang): di-[x]-ake pc. (sikile) ditumpangake ing dhuwur.
plengos: mak [x] kn. (sanalika) mengo êmoh ngingêtake (marga ora sênêng).
plèngsèngan: êngg. kn. plèrèdan watu ing tanggul dalan sêpur lsp.
plèsèd: kn. wilah (kayu) tangkêban dianggo njapit supaya gèpèng ut. rêmuk (kanggo adu kêmiri lsp); di-[x]; 1 dijapit lan diênêtake (kêmiri diêdu lsp); 2 didhêsêk saka kiwa têngên.
plerah: mak [x] pc. mak plèrèh.
plerak-plerok: kn. tansah mlerok.
pleran: êngg. kn. leleran, lalahan; kc. lèr, paleran.
plera-plere: kn. tansah mletre ngolah-ngalih; kc. lera-lere.
plèrèd:(-an) kn. 1 dronjongan dalan banyu ing bêndungan ut. ing pintu air; 2 dronjongan dianggo mlorod.
plèrèh: I ut. [x]-an êngg. kn. palèrènan; kc. lèrèh. II mak [x] pc: sanalika katon abang (gêtih lsp).
--- 497 ---
plèrènan ~ plêncut.
plèrènan: n. pakèndêlan k. papan kang dianggo lèrèn.
(plero): dipleroni kn. ak. dipleroki.
(plerok): mlerok kn. ngèncèngake ênêring mata (marga ewa lsp); di-[x]-i: diingêtake panyawange mlerok.
plès: I mak [x] pc. sabawaning napuk, nabok lsp. II êngg. pc: gêndul.
(plèsèd): mlèsèd kn. 1 mletre, mlere (marga lunyu); 2 ora pênêr, nyimpang saka ênêre; 3 pc. luput, ora nêtêpi, ora kêlakon kaya kang diarêp-arêp; di-[x]-ake: 1 diplètrèkake; 2 dikewal têtêmbungane; [x]-an kn: gêgunêman kewalan.
plèsèh: kn. padha gumluntung ing lêmah (wong mati lsp); kc. lèsèh.
plèstêr: I (W) kn. tamba tatu; di-[x]; ditambani ing plèstêr. II ut. plêstèr, plèstêr êngg. kn: campuraning wêdhi, gamping, sêmèn lsp. dianggo nglapis jrambah, jogan lsp; di-[x]: dilapis ing plêstèr (tmr. jrambah lsp); kc. mêstèr.
pleta-plete: êngg. pc. sêmbrana, gêguyon.
pletra-pletre: pc. tansah mlorod (mletre).
pletre: mak [x] pc. sanalika mlèsèd (mlorod) marga lunyu.
(plètrèk): di-[x]-ake kn. diplorodake sathithik (mudhun).
(plècèt): di-[x](-i) kn. dioncèki (diilangi) kulite (tmr. kacang, cangkok lsp); 2 pc. diblèjèti, diwudani sandhangane; kc. mlècèt.
(plèthès): di-[x] êngg. kn:ditutu diilangi kulite (tmr. kopi lsp).
(plèthèt): di-[x](-i) kn. dipèjèt (dipênêt lsp) supaya mêtu isine (tmr. wowohan lsp); kc. mlèthèt, plothot.
plethot: pating [x] pc. padha bengkong têtêkukan (tmr. kêris, lsp); kc. pethot.
plèwèhan, plèwèkan: pc. bolongan, blèwèhan.
(plêbêk): di-[x]-ake pc. diblêbêkake.
plêbuhan: êngg. kn. pawuhan.

plêdhing: pating [x] pc. padha katon bokonge; di-[x]-i pc: 1 diathungi bokong kang dibukak; 2 ks. ora dipaèlu, dirèmèhake, diisin-isin.
plêgak-plêguk, plêgukan: pc. ora lancar (gunême).
plêk: kn. 1 pc. pêpindhan ut. katêranganing ngantêm lsp; 2 nyamlêng (ora kurang ora luwih); 3 padha trêp, jiblès; di-[x]-i: dipadhani trêp.
plêkah: pating [x] kn. padha rêngka (tmr. lêmah lsp); kc. mlêkah.
plêkak-plêkèk:(-plêkuk) êngg. kn. mungkag-mungkug arêp mutah.
plêkara: êngg. pc. prakara.
plêkat: I êngg. kn. alun-alun. II kn. ak: wara-wara, undhang-undhang.
(plêkak-plêkok): di-[x]-ake kn. dibêndhèng diwêngakake (mêcah durèn lsp).
plêkèt: êngg. kn. tungguk, caos; kc. pêkèt, pikèt.
plêkikên: kn. klêlêgên ênggone ngulu.
plêkrok:, pating [x] pc. padha katon mêkrok; kc. mêkrok.
(plêksana): di-[x] kw. diukum; kc. plaksana.
plêlang:-plêlêng pc. tansah mandêng.
(plêlêng): di-[x](-i) kn. dipandêng, dipênthêlêngi.
plêlu: êngg. pc. prêlu.
plêmbas-plêmbis:(-plêmbus) êngg. pc. tansah katon umpluke.
plêmbir: êngg. kn. blèg lsp. kaêtrap ing pit, grobag lsp. tandha yèn wis mbayar pajêg.
plêmbung: pating [x] kn. padha mlêndhung (kisèn angin); di-[x]-ake: disêbul (diisèni angin lsp) supaya mlêndhung; [x]-an: 1 kêndhangan wadhah uyuh (ing puyuhan); 2 êngg. têlih, gondhok; 3 balonan (karèt lsp); 4 umpluk sabun kang mlêndhung (dolanan bocah); kc. mlêmbung.
plêmbung-anginên: kn. 1 lara masuk angin ing wêtêng, krasa kêmplung-kêmplung wêtênge marga kakehan ngombe; 2 kulite padha mlêmpung (tmr. pitik).
plêmpas-plêmpus: pc. umuk, umbag.
plêmpêng: kn. bumbungan dalan banyu.
plêmpung: pating [x] pc. padha abuh kulite; kc. mlêmpung.
plêndak-plêndèk: pc. 1 ora ndêmênakake ênggone mangan (sajak ora doyan); 2 ora kêncêng kêkarêpane.
plêndèk: mak [x] pc. sanalika mandhêg ora nêrusake niyate, jêlèh.
(plêndêr): di-[x] êngg. kn. diplêndir.
(plêndir): di-[x] kn. dipêksa dikon nindakake pagawean kang abot (ngungkuli liya-liyane).
(plêndrêng): di-[x] êngg. kn. diplêndir.
plêndhing: pc. blêndhing.
plêndhung): di-[x]-ake kn. saèm. diplêmbungake; [x]-an êngg. pc: plêmbungan.
(plênèt): di-[x] pc. diplènèt.
plênêt: mak [x] pc. sanalika mêtu (sêsukêr); [x]-an ks: sêsukêr.
plênik: pc. tutul cilik.
plênis: pating [x] pc. katon cilik-cilik klimis (wowohan lsp).
plêncar: pating [x] kn. ak. padha pêncar ana ing êndi-êndi.

plêncat: [x]-[x], pating [x] kn. ora ajêg antarane, ora urut-urutan, padha mrênca; di-[x]-ake: 1 ak. dipênculatake; 2 (ut. di-[x]-[x]) disèlèhake mrênca (ut. ora diurutake); [x]-an (atine): ora jênjêm, ora têtêp atine.
plêncat-plêncut: pc. 1 bola-bali lunga; 2 ora ajêg, gonta-ganti ênggon (ut. gagasan); kc. plêncut.
plêncing: I mak [x] pc. lunga dadakan; [x]-an êngg: dolan-dolan nunggang pit; kc. mlêncing. II êngg. kn: 1 anak warak; 2 pêntil randhu.
plêncung: kn. 1 wilah lsp. dianggo mbalangake blêthok (gêmpalan lêmah); 2 ar. lêlagon suluking dhalang; di-[x](-i): dibalangi nganggo plêncung; di-[x]-ake (diplêncutake êngg): dibalangake (dilêpasake) mlêsat bantêr.
plêncut: pating [x] pc. padha mlêsat;
--- 498 ---
di-[x]-ake êngg: diplêncungake; mlêncuti: wis ana sawêtara kang mêtu wulène (tmr. pari ing sawah).
plênthas-plênthus ~ plêthok.
plênthas-plênthus: pc. umbag sugih omong.
(plênthèt): di-[x]-ake (wêtênge) pc. dijêngkêrutake wêtênge (sarana ngêdên).
plênthi: mlênthi pc. katon cilik nyêmpli.
plênthing:(-ên) lara cacar; kc. mlênthing.
plênthu: pating [x] pc. padha katon kaya pêncu.
plênthuk: kn. ak. ar. wadhah bêling mblêndhuk ingisor (wadhah inuman).
plênthung: kn. prênthilan ing kulit isi nanah ut. arêp dadi wudun; pating [x] pc: padha mlênthung; kc. mlênthung.
plênthus: mak [x] pc. sanalika mundhak gêdhe (tmr. wêtêng).
plênthon: kn. ak. wêwangunan kang bundêr; kc. plênthu.
plênthong: êngg. kn. 1 bundêran cilik; 2 bundêran bêling ing diyan listrik; kc. kêplênthong.
plênyak-plênyèk: pc. katêranganing midak barang kang jêmèk.
plênyèk: mak [x] pc. sanalika jêmèk; kc. mlênyèk.
plênyok: mak [x] pc. saèm. mak plênyèk; kc. kêplênyok, mlênyok.
plêng: mak [x] kn. 1 sanalika lunga mak lêng; 2 mak clêng (rasaning kuping ut. êndhas); 3 katêranganing ngantêm; kc. cês-plêng.
plêngah-plêngèh: pc. plengah-plèngèh.
plêngak-plêngok: pc. thingak-thinguk (marga gumun).
plêngang-plêngong: kn. ak. thingak-thinguk katon bodho.
plêngèh: mak [x] pc. sanalika ngguyu.
plênggang-plênggong: kn. katon gêla ut. cuwa.
plênggong: mak [x] pc. sanalika gêla (cuwa); kc. mlênggong.
(plêngkang): mlêngkang kn. ngadêg sikile mbêgagah; kc. kêplêngkang.
plêngkuk: pating [x] pc. padha mbêngkêluk (bengkong); di-[x]-ake pc: dibêngkêlukake.

plêngkung: I ut. [x]-an kn. 1 wêwangunan kaya saparoning buwêngan (kang ngadêg); 2 tembok kang wangun saparoning buwêngan (gapuraning kutha lsp); 3 gapura pakurmatan; di-[x]-ake: dibêngkêlukake awangun plêngkungan; kc. mlêngkung.
(plêp): di-[x] pc. diêmplêp.
plêpah: êngg. k. plupuh; kc. mlêpah.
plêpak-plêpêk: pc. 1 tansah mlêbu (tmr. barang cuwèr, umbêl lsp); 2 tansah (kêrêp) ngombe.
plêpêk: I [x]-[x] pc. ora bisa ambêkan kalawan kêpenak; kc. kêplêpêkên. II di-[x]-ake pc: diblêbêkake, diblêdhêsake ing banyu.
plêpêr: mak [x] pc. sanalika mabur; kc. blêbêr, mlêpêr.
plêpuh: pating [x] pc. padha mlênthing.
plêpuk-plêpuk, plêpus-plêpus: êngg. kn. mêtu prêntilaning umpluk (tmr. wedang umob).
plêrak-plêruk: (-plêrêk ak). katon pêtêng ulate.
plêrêk: mak [x] pc. sanalika pêtêng ulate; kc. mlêrêk.
plêruk: pating [x] pc. padha katon pêtêng ulate; di-[x]-i pc: diingêtake kanthi ulat kang pêtêng; kc. mlêruk.
plês: mak [x] pc. sanalika amblês (-lunga, ilang).
plêsat: pating [x] kn. padha lumêpas adoh; kc. mlêsat, pêsat.
plêsir:(-an) pc. mlancong, dolan-dolan.
(plêsit): mlêsit kn. ak. mêncil, mênjila; kc. kêplêsit.
plês-plêsan: pc. trêp bangêt, cukup; kc. cèplês.
plêsta: êngg. k. rampung; kc. palastha.
plêstèran: kn. dilapis (disrasah) ing campuraning wêdhi, gamping, sêmèn lsp. (tmr. jrambah, jogan); kc. plèstêr.
(plêtêr): di-[a] kn. 1 dioyak; 2 (-ing gawe) tansah dikon nyambut gawe; 3 3 diujêg, digêjêg ing panjaluk.
plêtik: kn. 1 pêliking gêni kang mênculat; 2 plênik putih ing têlênging mata; [x]-[x], pating [x]: 1 padha mênculat gênine (mêtu plêtike); 2 padha ana plênike putih (tmr. mata, rambut); di-[x]-i: kêna plêtiking gêni; kc. mlêtik.
plêtuk: pating [x] kn. ak. katon putih marga akèh plênik-plênike putih (tmr. rambut lsp); kc. mlêtuk.
plêtun: kn. gêgolonganing prajurit (saradhadhu); kc. platun.
plêton: kn. tembok sêmèn; kc. bêton.
plêca-plêcu: pc. tansah mêcucu cangkême; kc. mlêcu.
plêcas-plêcus: pc. sugih omong ora ana kanyataane.
(plêcèk): di-[x]-ake pc. dilangkip (di-bukak) kulite.
plêcèt: mak [x] pc. sanalika lunga tanpa pamit, sanalika bali.
plêcis: mak [x] pc. têmahan ora nyata.
(plêcit): di-[x] kn. dioyak têrus, diplêtêr.
(plêcu): mlêcu pc. cangkême mêcucu.
plêcus: mak [x] êngg. pc. têmahan ora nyata; [x]-an pc: sugih umbag ora nyata.
plêcut: pating [x] êngg. pc. pating plêncut; kc. plêncut.

plêthèk: I kn. 1 (ing srêngenge) wêtuning srêngenge; 2 ([x] sasi, [x] tanggal) wiwitaning sasi (-tanggal); 3 ent. wiwitaning panggarap (tumindak); kc. mlêthèk. II mak [x] pc: pêpindhan swaraning gêdhah pêcah lsp.
(plêthês): di-[x] pc. 1 ditindhês; 2 dipatèni; kc. mlêthês.
plêthêt: mak [x] pc. mak plênêt.
plêthik: mak [x] pc. saèm. mak plêthèk nanging luwih lirih; kc. mlêthik.
plêthis: mak [x] pc. sanalika copot (-lêpas); kc. mlêthis.
plêthus, plêthos: mak [x] pc. sanalika njêblug (-pêcah); kc. mlêthus, mlêthos.
plêthok: kn. pêpindhan swaraning mrêcon lsp; kc. mlêthok.
--- 499 ---
pliyasan ~ plompang-plompong.
pliyasan: kw. panulak.
plikan: pc. pêlikan.
plikêt: kn. jêmèk krakêt.
plikplikêr: pc. juru ngrêksa wong lara (ing hospital).
plikplok: êngg. pc. plokplik.
plilahan: pc. kanthi palilah (idin).
(plilis): di-[x] êngg. kn. dilêlês, ditampar.
plilit: pating [x] kn. krasa kaya dipuntir-puntir (ing wêtêng); di-[x] êngg: dilêlês, ditampar, diplintir.
plilitan: kn. tansah obah mubêng (tmr. wong linggih).
plim: kn. lis (kayu, marmêr lsp) ing tembok kang ngisor.
(plimping): di-[x](-i) kn. ak. 1 dikêsrik (diiris lsp) turut pinggir; 2 ent. dipêpiringi, dituturi kanthi pasêmon ut. kanthi alus; [x]-an: 1 pinggiran (kang diglamit, wilahan lsp); 2 pasêmon.
(plindêr): di-[x] pc. diplêndêr; kc. kêplindêr, mlindêr.
(plindhês): di-[x] kn. ditindhês (ing kreta, montor lsp).
plindhukan: kn. papan pandhêlikan (ing durjana lsp); kc. lindhuk.
plindhungan: kn. ak. pangungsèn; kc. lindhung.
plintangan: pc. ngèlmu palintangan.
(plintir): di-[x] kn. diuntir (diplilit) tmr. tali, bolah lsp; [x]-an pc: plilitan.
plincutan: pc. klicutan.
plinthas: pc. plenthas.
plinthêng:(-an) kn. 1 wilah lêmês dianggo nglêpasake krikil sarana diêmbat dijêpatake; 2 ([x] karèt) saèm. bandhil nganggo karèt diulur dilêpasake; di-[x]: dilêpasi krikil lsp. kang dilêpasake sarana plinthêng(-an); kc. mlinthêng.
pling:(-mandarakan) êngg. pc. bêcik bangêt; di-[x]-[x] pc: dilêlithing, diêmi-êmi.
plingak-plinguk: pc. lingak-linguk nggêgolèki (ut. ora wêruh).
plipid:(-an) kn. pinggiran kang didondomi nggligir; di-[x](-i): didondomi pinggirane.

plipir: kn. ak. pinggir; di-[x]-i: dicêdhaki (diliwati) turut pinggir; kc. mlipir.
(plipis): di-[x] kn. ak. dipênêt; kc. mlipis.
plirak-plirik: pc. (matane) mêndêlik ngingêtake kiwa têngên; kc. mlirik.
(plirid): di-[x] kn. 1 diurut lan diênêtake supaya mêtu isine (tmr. usus lsp); 2 ent. digêmèni bangêt.
plisêr: kn. ak. brintik.
plisir: kn. apa-apa sing ditèmplèkake minangka pinggiran (dianggo rêrênggan); di-[x](-i): didèkèki plisir.
plistur: êngg. pc. plitur.
plitur: kn. bngs. cèt dianggo nggilapake meja, kursi lsp; di-[x], [x]-an: dicèt ing plitur.
(plithês): di-[x] pc. diplindhês, dipithês.
pluk: mak [x] pc. 1 pêpindhan swaraning nyampluk lsp; 2 swaraning barang kêcêmplung banyu lsp.
plikokan: êngg. pc. blukèrên arêp mutah.
plumpung: kn. 1 bngs. wit glagah (ing rawa-rawa); 2 kuning sêmu putih (tmr. ulêsing jaran).
plunan: êngg. kn. anak kaponakan.
pluntah: mak [x] êngg. pc. mak dlodok.
(pluntir): di-[x] kn. ak. diplilit, dipuntir; kc. plintir.
pluntur: kn. tali (tampar) dianggo nggantung ut. nyangga rêricikaning gamêlan; kc. luntur, palunturan.
pluncar: pating [x] kn. ak. padha katon sumorot (sumurat); kc. puncar, muncar.
plunthêr: pating [x] pc. padha punthêr (puthêr).
plung: mak [x] pc. katêranganing apa-apa kang kêcêmplung ing banyu lsp.
plungsungan: êngg. kn. wlungsungan (ula lsp).
plupuh: kn. 1 sigaran pring kang digêpuki (dianggo tabag lsp); 2 êngg. galar, sasak jogan; di-[x]: dithuthuki (tmr. sigaran pring); kc. mlupuh.
plurikan: kn. ak. bakul lurik.
pluruhan, pluruwan: êngg. kn. pawuhan.
plus: pc. plêk (padha rupane, trêp); kc. cêplus.
plusut: êngg. pc. kayu nganggo palangan kanggo gawe garitan ut. ciri ing pinggiraning kayu (piranti tukang kayu).
(pluta): di-[x] kn. dirangkêp dadi sakêcap (tmr. aksara up. salawat-slawat); plutan: aksara kang dipluta.
plucu: mak [x] pc. sanalika ngliga (wuda); kc. bluju.
pluthas-pluthus: pc. bludhas-bludhus.
pluwang: kn. ak. luwangan, jugangan; kc. luwang.
(pluwèk): di-[x]-ake pc. diwêngakake (tmr. tatu lsp); kc. mluwèk.
(pluwok): pc. kc. pluwèk; mluwok.
pluwêr: pating [x] pc. padha awangun bêbuwêngan.
pluwit: kn. sêmpritan ing sêpur lsp.
plodra-plodro: êngg. pc. tansah mlotrok (ênggone tapihan lsp).

ployok: pating [x] pc. pating pleyok padha rusak (tmr. omah lsp).
plok: I mak [x] pc. 1 pêpindhan swaraning riyak lsp. tumiba; 2 katêranganing nemplok. II kn: ar. dolanan bocah. III ut. sa-[x](-e) êngg. pc: wiwit ing nalikane. IV di-[x] êngg. pc: diêmplok.
plokah: êngg. pc. ar. modhèling potongan rambut.
plokplik: kn. sêmburan (ar. dolanan bocah sing digawe bêling disêbul bisa muni).
plok-plokan: pc. 1 êmplok-êmplokan, tansah arêp ngêmplok; 2 ngoplok (ndhrodhog); 3 dolanan nganggo dluwang diplêmbungake banjur diidak nganti nywara mak plok.
plola-plolo: pc. tansah ngingêtake matane diambakake; kc. mlolo.
plombir: kn. blèg, pèning lsp. dianggo tandha yèn wis mbayar pajêg (tmr. pit, kreta lsp).
plompang-plompong: pc. tansah ndomblong.
--- 500 ---
plompong ~ (pukir).
plompong: pating [x] pc. 1 padha bolong; 2 padha ndomblong; [x]-an êngg: lompongan, bolongan.
plonos: pating [x] pc. katon gêdhe bundêr-bundêr (tmr. wowohan).
plontèr: (W) kn. 1 mèlu dhinês nêgara saka karêpe dhewe (saèm. magang); 2 bngs. kadhèt (calon opsir).
ploncо: kn. 1 pêntil sêmangka; 2 ent. pc. isih ênom, durung duwe kupiya; 3 êngg. pc. gundhul plonthos; 4 êngg. pc. Wlanda pranakan.
ploncon: êngg. kn. 1 saèm. gawangan kayu mawa bolongan dianggo wadhah tumbak, payung lsp; 2 kayu bundêr dianggo nyithak ikêt, kuluk; kc. klêbut.
plonconan: pc. 1 gundhulan; 2 tanpa sandhangan (mèh wuda).
plonthang: êngg. kn. kêcampuran corak putih (tmr. ulês, warna).
plontho: êngg. pc. palanyahan.
plonthos:(-an) kn. 1 gundhul dicukur kabèh; 2 êngg. ikêt-ikêtan tanpa dikatonake jèbèhane.
plonyo: pc. lênga dhêklonyo.
plonyoh: mak [x] pc. sanalika ilang kulite (marga disiram wedang lsp); kc. mlonyoh.
plong: pc. 1 bolong, bolongan; 2 (mak [x]) sanalika banjur lêga atine, têrang pangêrtine; 3 (picak [x]) picak babar pisan; di-[x](-i) êngg: dibolongi; kc. complong.
plongak-plongok: pc. lingak-linguk ora ana kang dipikir; kc. mlongok.
plonga-plongo: pc. (ndêdêlêng, ngingêtake) cangkême tansah mênga; kc. mlongo.
plongoh: mak [x] pc. sanalika ngguyu cangkême amba; kc. plêngèh.
(plongor): di-[x]-[x]-ake êngg. kn. diunèk-unèkake sarta diundhat-undhat sakatoge.
plopor:(-aèr) kn. jaran rakitan kang ngarêp (tmr. rakitan 6,8); [x]-an êngg: gêbayan ing desa; kc. mlopor.
ploposan: êngg. kn. gunêman umbag, umuk.

plorak-plorok: pc. saèm. plirak-plirik nanging matane luwih amba; kc. mlorok.
(plorod): di-[x]-ake kn. diudhunake sarana mletre; [x]-an: dolanan mudhun saka ing dhuwur mletre; kc. mlorod.
plosnong: mak [x] êngg. pc. luput.
plota-ploto: êngg. pc. sugih omong kang umuk; kc. mloto.
plotra-plotro, plotrak-plotrok: pc. tansah mlotrok; kc. mlotro, mlotrok.
(plocot): di-[x] êngg. kn. diklocop kulite (tmr. gudhig lsp); kc. plècèt.
(plothot): di-[x] pc. diênêtake supaya mêtu isine (tmr. woh lsp).
pu: kw. ak. êmpu.
pudyastuti: kw. pangaji-aji, panêmbah; kc. puja, astuti.
puja: (S) kn. pangaji-aji, panêmbah, donga; di-[x]: 1 dipêpundhi, dikurmati bangêt (tmr. marang dewa, ent. tmr. kang kinasihan); 2 br. dianakake sarana cipta (sêmadi); dipujakake ak: didongakake, dipujèkake; pujan br: dadine (anane) sarana dipuja; pêpujan br: 1 sêsêmbahan, kang diaji-aji (dewa); 2 kang kinasih bangêt.
pujabrata: kw. pangaji-aji, panêmbah.
pujakrama: kw. pangaji-aji, panêmbah.
pujangga: kn. wong kang pintêr (bab kêkarangan, layang-layang, basa).
pujastuti: kw. pangaji-aji, panêmbah, pandonga.
puji: kn. 1 sêmbahyangan, donga; 2 pc. pangarêp-arêp supaya ...; 3 êngg. pc. pangalêm, di-[x]: 1 ak. dipêpuji, diaji-aji; 2 (ut. dipujèkake) didongakake, disêsuwun supaya kêlakona; [x]-an: donga pangalêmbana (panuwun) sarana dilagokake (tmr. Islam); kc. muji.
pudhak: I kn. 1 kêmbang pandhan; 2 (sêmut [x]) sêmut putih cilik-cilik; [x] satêgal: ar. sumping; [x] sinupit ak: dodotan kang sisih têngên sadhuwuring dhêngkul. II êngg. kn: batur;kc. budhak.
pudhat: êngg. kn. pundhat.
pudhot: êngg. kn. dhudha.
pugag: êngg. kn. ilang pucuke (marga dikêthok, dipunggêl lsp); kc. pogog.
pugal: kn. ak. ora manutan (lmr. tmr. kewan).
pugas: êngg. kn. rampung; [x]-[x]-e êngg: ing wasanane; kc. pungkas.
pugêran: kn. ak. 1 pikukuh; 2 pathokan, wêwaton; kc. ugêr.
pugês: êngg. kn. punthês, curês, pêdhot têkan oyode pisan.
puguh: kn. 1 ak. têtêp, kukuh; 2 ora gêlêm miturut (ngukuhi panêmune dhewe); 3 êngg. mêsthi.
pugut: kn. 1 lading ani-ani; 2 tugêl pucuke (perangane kang lancip) sathithik.; di-[x]: ditugêl (dikêthok) pucuke ut. lancipe sathithik; dipun [x] êngg. k: didêrêp, diênèni.
(puh): di-[x] kn. 1 dituntasake banyune (sarana dipêrês lsp); 2 êngg. pc. dipêrês (tmr. sapi lsp); kc. apuh.
puhan: kn. 1 ak. pêrêsan (banyu susu sapi); 2 (klapa [x]) êngg. krambil kopyor; kc. puh.
puhara: kw. wasana, pungkasan, jalaran.
puhawang: kw. ak. nakoda.

(puhung): di-[x] kw. dipuwung.
puyêng: ki. (êngg. kn). ngêlu.
puyêngan: kw. ubêng-ubêngan, bingung.
puyêr: kn. tamba bubukan (aspirin lsp).
puyuh: k. gêmak.
puyuhan: kn. plêmbungan wadhah uyuh ing wêtêng.
puyut: kw. buyut.
puk: I mak [x] pc. sabawaning barang tiba lsp. II (sa-[x]) saêmblog.
pukah: kn. ak. pokah, punggêl.
pukaha: (A) kn. ak. ahli ngèlmu pêkih (kitab-kitab).
pukang: I kn. pupu (tmr. kewan). II kn: ar. kewan satêngah kêthèk.
(pukêt): di-[x] êngg. kn. ditalèni, digubêd, dirut; kc. mukêt.
puki: êngg. ks. pawadonan.
(pukir): pêpukiran kw. sêsipataning praèn (pawakan).
--- 501 ---
pukul ~ pulut.
pukul: I ([x] bêsi) kn. palu; di-[x]: 1 êngg. digêbug; 2 br. ditêmpuh, disêrang (ing prang); 3 êngg. dikênakake pajêk lsp; 4 pc. diapusi, diblithuk; di-[x]-ake êngg: ditangkarake, ditikêlake. II êngg. kn. ut. k: jam (mratelakakake wayah).
pukul-rata: ut. di-[x] êngg. diracak, digêbyah uyah.
pukulun: kw. 1 gusti (bêndara) kawula (atêgês: panjênêngan); 2 aku.
(puk-puk): di-[x] kn. dicablèk-cablèk pundhake lsp.
puk-pukan: kn. pirang-pirang puk (êmblog).
pukrul: kn. ak. pokrul.
pul: I pc. rakêt bangêt pamitrane; di-[x]-i pc: dirakêti, dikumpuli. II (W) kn: 1 kutub (ing jagat); 2 pungkasaning wêsi brani (tuking daya panggèndèng).
pulang: I kw. 1 pulih, gathuk, amor karo; 2 disaput ing, ditutup ing; di-[x](-i) ak: dicampuri, dimori, dikumpuli. II êngg. pc: 1 mulih; 2 bali.
pulangan: kn. blabag sanggan tiyang (-prau).
pulang-asmara: (-gati, -hyun, -lulut, -sari, -sih, -raras, -rêsmi) kw. sacumbana, wor-salulut.
pulang-gêni: kw. ratus, dupa.
pulang-lêbu: kw. kasaput (kêbak) ing lêbu.
pulang pêgi: êngg. pc. mênyang mulih (tmr. nyêpur lsp).
pulang-rah: kw. kêkuthah gêtih.
pulas: kn. cèt warna-warna (cèt banyu, lênga, lsp) dianggo nyungging; di-[x]: 1 dicèt lsp. supaya bêcik, disungging; 2 ent. ditutupi murih katon bêcik, dirêrêngga (dipêpacak) murih katon bêcik (sajatine ora bêcik); [x]-an: 1 kang dipulas; 2 ora sanyatane, laire bêcik, palson.
(pulasara): di-[x] kn. 1 diopèni kanthi bêcik (tmr. wong lara lsp); 2 êngg. dipiyara, diingu; 3 êngg. digarap (tmr. palêmahan lsp); 4 pc. digêbugi, diajar (tmr. bocah cilik).
pulasari: kn. ar. bumbon crakèn dianggo tamba (jamu).
pulastha: kw. 1 rampung; 2 êntèk; kc. palastha.
pulawaras: kn. pulasari (yèn pinuju dianggo tamba, jamu).

pule: kn. ar. wit (babakane kêna digawe tamba, jamu).
pulèh: êngg. pc. pulih.
pulên: kn. 1 ak. pul bangêt (pamitrane), rakêt bangêt; 2 êmpuk sarta kumrakêt ora pêra (tmr. sêga lsp).
pulês: I di-[x] kn. 1 êngg. dipuntir (diuntir) lan disingsêtake (tmr. tampar, tali); 2 diujêg-ujêg, dijaluki kanthi bangêt; kc. mulês. II (turu [x]) êngg. pc: turu kêpati.
(pulêt): di-[x](-i) kn. 1 digubêd (ing ula lsp); 2 ak. digulêt, dirangkul; 3 ak. diraja-darbe, dibêslah; pêpulêtan: gêgubêdan, ulêt-ulêtan; kc. mulêt.
puli: kn. bngs. lêgêndar (ar. panganan).
pulih: kn. 1 bali kaya kaanane kang sakawit; 2 ([x] gêtih) bali barang darbèke, nêdya malês; 3 ([x] gêtih) buk (ora kalah ora mênang); pêpulih: 1 wêwalês, piwalês; 2 nêdya malês; 3 apa-apa kang diwènèhake minangka gêgênti ênggone agawe sêrik lsp; 4 mêmènèhi (ngaturake) apa-apa minangka gêgênti ênggone agawe sêrik lsp; di-[x]-ake: dibalèkake kaya kaanane sakawit; pêpulihan ak: pulih manèh, têpung manèh, mari pasulayan; kc. mulih, ulih.
pulihan: êngg. kn. (bumi [x]) palêmahan kang asal saka walêding kali.
pulir: I kw. mubêng, munyêr; di-[x] kn: dicêthot (dijèwèr) banjur diuntir; kc. ulir. . II (ut. puliyêr ak) kn: ar. pangkating pulisi (saradhadhu).
pulisi: (W) kn. 1 kang pinatah ing nêgara njaga tata-têntrêm; 2 punggawa nêgara (desa) kang njaga tata-têntrêm; dipulisèkake pc: dilapurake marang pulisi.
pulisi-agèn: kn. punggawa pulisi njaga dalan lsp.
pulisi-dinar: kn. ak. pulisi kang asikêp gêgaman kaya saradhadhu.
pulisi-pèdhêl: pulisi-pèl kn. ak. pit.
pulitik: (W) kn. 1 babagan iguhan ngêrèh praja; 2 pc. rêrekan kajuligan; di-[x] pc: direkani, diapusi.
pulya: br. pulih.
pulmak: kn. ak. wêwakil; kc. kulmak.
pulu: kêmbang [x] kn. ar. têtuwuhan kang dianggo nguning.
puluh: I sa-[x], rong [x] lsp. n. sadasa, kalih dasa lsp. k: 10,20 lsp; [x]-an: 1 ajine sapuluh, 2 pirang-pirang puluh. II kn: sênadyan, up. [x] kotangisana iya ora bakal bali.
puluh-puluh: kn. kêpriye manèh, wis kêpêksa nrima lah wong ...
puluk:(-an) kn. kèhing cêkêlan (sêga kang arêp diêmplok); nampèl [x] pr: nyênyongah wong kang nêmu kabêgjan; di-[x]: 1 dicêkêl arêp diêmplok (tmr. sêga); 2 êngg. pc. dipangan.
puluk dhêkêm: pc. puluk gêdhe.
pulunan: êngg. kn. kaponakan.
pulung: I kn. 1 wahyu, lintang kang tumiba marang wong mracihnani yèn bakal olèh pangkat (kabêgjan); 2 kabêgjan; kêtiban [x] pc: olèh kabêgjan; (pangkat lsp). II di-[x] êngg. kn: 1 digèdhèngi (ditalèni) tmr. pari kang mêntas diênèni; 2 dilêbokake (ut. diêntas) tmr. pari kang

diêpe. III di-[x] kw: 1 diklumpukake, dijupuk dipèk; 2 dijupuk (ing dewa), dibanjut nyawane.
pulung-ati: n. (-manah k. ak, -galih ki. ak): lêgokan ing sangisoring dhadha (kang pênêr jantung).
pulur: êngg. kn. atèn-atèning wit.
puluran: êngg. kn. panganan.
pulus: pc. dhuwit.
pulut: kn. tlutuh kang plikêt; di-[x]: 1 diusari pulut; 2 dipasangi pulut (tmr. manuk lsp); 3 ent. dijontrot, dipêpencut sarana dhuwit lsp.
--- 502 ---
pulo ~ punggêl.
pulo: I kn. tanah kang kinubêngan sêgara. II êngg. kn: dangu (kêmbang durèn).
pulon: kn. pêpêthan (têtironing) pulo.
puman: (S) kw. ak. wong lanang.
pumpa: kn. ak. pompa.
pumpêt: pc. pampêt, buntu.
pumpung: êngg. kn. mumpung.
pun: I k. si. II k. pc: wis; kc. sampun. III k. pc: aja; kc. sampun. IV pc: di-; kc. dipun. V kn: wadhah tèh. VI kn: bobot ½ kg.
punagi: kn. ak. 1 kaul, nadar; 2 (ut. punagènan) duwe kaul nêdya; dipunagèni ak: dikauli, yèn kêlakon bakal dikauli.
punah: kw. sirna, rusak; di-[x] kw: disirnakake, dirusak, dipatèni.
punakawan: êngg. kn. panakawan.
punakèplèk: pc. batur; kc. panakawan.
punang: kw. ingkang (kanggo panêrang).
punapa: k. apa.
punapi: k. ak. apa.
punar: sêga [x]. sêga kuning dianggo slamêtan.
punas: êngg. kn. lunas.
pundêlikan: kn. ak. pandêlikan.
pundi: k. êndi.
pundirangan: kn. ak. pandirangan.
punjêr: I êngg. ak. 1 oyod lajêr; 2 oyod; kc. pancêr. II di-[x] êngg. kn: dipanjêr (tmr. layangan, gêndera lsp).
(punji): di-[x] êngg. kn. dipanggul (tmr. bocah, wong lsp).
punjul: 1 ([x] ing apapak) kn. luwih tinimbang pêpadhane; 2 n. langkung k. luwih (turah sathithik); 3 kn. drijine luwih siji (dadi 6); di-[x]-i n. dipunlangkungi k. ak: diluwihi, diwuwuhi sathithik; [x]-an n. langkungan k: luwihan.
punjung: kw. dhuwur; di-[x] kn: diwènèhi apa-apa saka karèrèhane (anak putune lsp); [x]-an: pawèwèh (panganan lsp) saka karerehan (anak putu); kc. munjung.
pundhah: êngg. kn. bajing.
pundhak: kn. pamidhangan ki: antaraning gulu karo bau; di-[x]: dicêkêli (dilèndhèhi) pundhake.
pundhamèn, pundhêmèn: kn. ak. dhêdhasar; kc. pandhêmèn.

pundhat: kn. sah tmr. cicilan, pajêg lsp; di-[x]-i: disahi, dilunasi.
pundhèh: kn. ak. wis kulina, pintêr; kc. pondhèh, pundhuh.
(pundhèn): pêpundhèn kn. 1 barang kang dipundhi-pundhi (sêsêmbahan); 2 papan kang dipundhi-pundhi (kuburan, patilasan lsp); kc. pundhi.
pundhês: kn. 1 purês, curês; 2 êntèk babar pisan.
pundhi: I êngg. kn. tampang jala (kang digawe bngs. grabah). II di-[x] kn: 1 êngg. ditampani (disangga, dijunjung) ing tangan loro kaumbulake sadhuwuring êndhas (tandha urmat bangêt, tmr. nampani layang, dhawuh lsp); 2 (ut. di-[x]-[x]) diaji-aji bangêt; kc. mundhi, pundhèn.
pundhuh: kn. 1 wis kulina nindakake, kulina; 2 êngg. mitra, kawanuhan; 3 wong kang dipasrahi nggarap; 4 grêma, tuwa-buru; 5 ak. sarèh, tatag.
pundhung: (ut. pêpundhung) kn. 1 unthuk (sêmut lsp); 2 ak. pundhuk, gumuk; [x]-an êngg: punthukan (galêngan) ing antaraning lubangan (patêbon).
(pundhut): I di-[x] ki. 1 dijupuk; 2 dijaluk; 3 dipèk; 4 dituku. II (pê-)[x]-an kw: pasuguh, suguhan.
pundhong: kn. ar. sukêt.
punêl: êngg. kn. pulên.
punika: k. ika (kae), iki (kiye), iku (kuwi).
punikaên: êngg. k. ika (kae), iku (kuwe).
puniki: k. ak. iki, kiye.
punikiên: êngg. k. iki, kiye.
puniku: k. ak. iku.
punis: kn. ak. putusaning pangadilan; kc. ponès.
punuk: kn. 1 daging mêndhukul ing githok (tmr. sapi lsp); 2 daging mêndhukul ing pundhak (tmr. wong).
puntên: êngg. k. 1 aja dadi atimu; 2 êmbuh; kc. apura.
puntên-dalêm: êngg. ki. êmbuh.
puntiyanak: êngg. kn. ar. mêmêdi (wewe).
punting: êngg. kn. kêcilikên sikil kêgêdhèn awak.
(puntir): di-[x] kn. dicêkêl lan diuntir; kc. untir, muntir.
(puntu): di-[x] kn. ak. 1 (ut. punton) diplintir (lan diusari lilin lsp. tmr. bolah, lawe); 2 (ut. punton) sabuk lsp. nam-naman lawe lsp; 3 ak. dipikir kanthi têmên-têmên (dipikir); 2 wasana (pungkasaning) rêmbug (nalar); kêtuwan punton pc: ambêke kaya wong tuwa.
punton: kn. kc. puntu.
puncak: êngg. kn. pucak (ing gunung lsp).
puncêt: kn. ak. pucuking tumpêng.
puncit: êngg. kn. kang pucuk dhewe; kc. pêncit, buncit.
(puncu): di-[x] kn. ak. dicongatake, diancarake (tmr. gêgaman); kc. muncu.
(puncon): pêpuncon kn. ak. pucak (ing gunung).
puntêr: kn. ak. putêr.
punthês: pc. 1 curês, purês; 2 êntèk babar pisan; kc. puthês.

punthuk: (ut. pêpunthuk) kn. 1 palêmahan kang dhuwur; 2 gumuk; 3 (ut. [x]-an) pc. pundhungan lêmah; kc. munthuk.
pung: pc. pêpindhan swaraning bêndhe lsp; kc. mung.
(punggah): di-[x]-i n. dipunpinggahi k. ak: diunggahi; [x]-an n. pinggahan k: 1 ak. dalan munggah; 2 ak. unggah-unggahan (pangkat lsp); 3 dina ngarêpake pasa (ing sasi Ramêlan).
punggal: kn. ak. punggêl.
punggawa: 1 kw. pangarêp, abdi-dalêm kraton kang monjo (senapati lsp); 2 kn. wong kang nyambut gawe ing kantor, sêpur lsp; 3 prabot desa.
punggêl: kn. 1 tugêl pucuke; 2 ent. cugag, ora têrus lêlakone (ênggone rêrêmbugan [rê...]
--- 503 ---
[...rêmbugan] lsp); di-[x]: 1 ditugêl (dicoklèk) pucuke; 2 dipêdhot ênggone rêrêmbugan lsp, diwurungake, dicugag; [x]-aning rêmbug ak: kênthêling rêmbug, pungkasaning rêmbug.
punggês ~ purêk.
punggês: ut. di-[x] êngg. dipunggêl, dikêthok, ditugêl.
punggung: I kn. ak. bodho, busuk; ngamuk [x]: ngamuk nekad bangêt. II sa-[x] kw: sairis.
(punggur): di-[x] kn. dipugag, dikêthok pucuke ut. kang dhuwur (tmr. wit).
pungka: kw. ak. lêgokan, lêdhok.
(pungkas): di-[x]-i kn. dirampungi, dirampungake, dilèrèni; [x]-an: kang kari dhewe, êntèk-êntèkan, wêkasan.
(pungkir): di-[x]-i êngg. pc. diselaki; kc. mungkir.
pungkur: n. pêngkêr k. pc. kang wis kêlakon, up. Sênèn [x]; di-[x](-ake) ak: 1 wis diliwati (wis kêlakon); 2 diungkurake; [x]-an ak:1 mungkur, ungkur, kêpungkur.
punglu: kn. ak. mimis cilik (glintiran lêmpung ing tulup).
punglor: kn. ar. manuk.
pungun-pungun: kw. lêgêg-lêgêg sêdhih (tangi turu).
(pungut): di-[x] êngg. pc. ditarik ing (pajêg, kontribisi lsp).
pungpung: kn. ak. ing nalikane lagi mbênêri (nêdhêng-nêdhênge); kc. mumpung.
(pungsêng): di-[x] kn. ak. digolèki mênyang ing êndi-êndi; kc. mungsêng.
pungsêr: I pc. pusêr. II di-[x]-ake kn. ak: diubêngake ngganjrêt; kc. mungsêr.
pupak: kn. dhaut ki. 1 ompong; 2 ganti untu (tmr. bocah cilik); di-[x]-i ak: dicêthili untune.
pupak pusêr: ak. puput (-pusêre).
pupu: I kn. wêntis ki. sikil ing antarane dhêngkul karo wlakang. II di-[x] kn: 1 diopèni diêpèk anak; 2 êngg. ditarik ing beya, sapon lsp; 3 êngg. dipêthik, dikukup; kc. pupon, kêpupu.

pupug: êngg. kn. punggêl, pugag (tanpa pucuk); di-[x] êngg: dipugag, diilangi pucuke; [x]-an: payon wêlit (rapak) kang wis kanggo (pucuke wis ora ana).
pupuh: I kw. 1 gêbug, panggêbug; 2 pêrang, kêrêngan; di-[x] kw: digêbug, digitik. II êngg. kn: têmbang. III kn. ak: tamba mata kang ditètèsake; di-[x]-ake ak: ditètèsake ing mata (tmr. tamba mata).
pupuk: I kn. 1 tamba pipisan (mamahan lsp) kang nyêmêk-nyêmêk ditèmplèkake ing êmbun-êmbunan; 2 intên rêrênggan ing pêthèn lsp; 3 êngg. pc. kalah kang dhuwur (tmr. adu kêcik, kêmiri lsp); di-[x]-i: 1 ditèmplèki pupuk êmbun-êmbunane; 2 diwuwuhi lapisan banjur disêpuh (tmr. arit lsp. kang wis lawas), diusari (dilapis) manèh.
pupuk-bawang: kn. mèlu dolanan nanging ora katut dipetung (ora bisa dadi lsp).
pupul: kw. kumpul tunggal dadi siji, nglumpuk.
pupung: kn. ak. pungpung, mumpung.
pupur: I kn. tasik ki. 1 bubukan bêras lsp. dicampur wêwangi dianggo mutih rai; 2 ak. parêm, wêdhak; 3 nganggo pupur; [x] sadurunge bênjut pr: ngawekani prakara kang durung kêlakon; di-[x]-i (ditasiki ki): disaput (diusari) pupur; [x]-an (tasikan ki): nganggo pupur. II kn. ak: punggêl, tugêl pucuke; mupuri: ganti sungu (tmr. mênjangan), ganti gadhing (tmr. gajah). III di-[x] êngg. kn: dipipili (tmr. jagung).
pupus: I kn. godhong kang ênom ing pucuk (tmr. gêdhang). II kn: pucuking jala; di-[x]: ditarik lan diurut dijupuk iwake (tmr. jala sing wis ditibakake). III di-[x] kn: atine disèlèhake (digawe nrima) marang lêlakon kang tinêmah); [x]-an ak: panrimaning ati; kc. mupus. IV êngg. ak: mati.
puput: I kn. ak. 1 wis têkan ing pungkasan; 2 pantog ing; 3 pungkasan, wêkasan; 4 ent. pati, mati; di-[x]-ake ak: ditêrusake nganti têkan wungkasan,[14] dirampungake; kc. muput. II ([x] pusêr) kn: pusêre wis coplok (tmr. bayi); di-[x]-i ak: dislamêti nalikane puput-pusêr; [x]-an: slamêtan ing nalikane puput-pusêr.
pupon: I kn. ak. sikilaning kathok; kc. pupu. II kn: anak pèk-pèkan (kang dipupu).
pur: kn. 1 padha dene kalah (ora ana kang mênang); 2 pc. jumbuh warnane; 3 (ut. di-[x]-ake) êngg. lunas, sah.
pura: I (S) kw. kêdhaton, kraton. II di-[x]-[x] kn: disawiyah-wiyah, dirèmèhake. III di-[x] kn. ak: diapura.
puraya: kw. kêdhaton, kraton.
(purak): I di-[x] kn. disêmbêlèh lan diprêjit-prêjit (tmr. raja-kaya kang mati, iwak gêdhe kentas lsp). II [x]-[x] êngg. pc: 1 ethok-ethok; 2 pawadan. II di-[x]-[x] êngg. kn: disawiyah-wiyah, dirèmèhake.
puran: êngg. pc. saparoning kewan kang dibêlèh.
purana: (S) kw. layang crita.
purantara: kw. kêdhaton, kraton.
purasaba: (S) kw. kêdhaton, kraton.
purasani: kn. ar. wêsi kang bêcik.

purba: kw. wiwitan, kuna; di-[x] kw: 1 diêrèh lan diwêngkoni, dikuwasani; 2 diwiwiti (dianakake, dititahake); 3 dièsthi, dipindêng; kc. murba, murwa, purwa.
purba-nagara: kn. ar. kêmbang (kêmbang srêngenge).
purba wisesa: kw. panguwasa; purba wisesa ana ing: gumantung marang ..., kang wênang nguwasani (nêtêpake) ...
purdrah: (W) kn. sêsorah.
purêk: êngg. ak. cêkak, punggêl.
--- 504 ---
purêngên ~ putêk.
purêngên: pc. nêpsu bangêt; kc. curêng.
purês: kn. ak. êntèk (ilang) kabèh; kc. curês.
purêt: I kn. 1 bungkêr, ora bisa mundhak gêdhe (tmr. tanduran lsp); 2 pc. mati. II êngg. pc: ayo têrus!
puri: I (S) kw. 1 kêdhaton, kraton; 2 ak. bètèng. II di-[x]-[x] êngg. kn: dipundhi-pundhi.
(purih): I di-[x] kn. 1 diarah, dipamrih, kapurih, murih. II kn. ak: sampil.
purik: kn. lunga saka ênggone bojone (wong tuwane) marga pasulayan.
puring: kn. ar. têtuwuhan (sok dianggo tamanan).
puringisan: kn. ak. pringisan.
purir: kn. puliyêr.
purisa: (S) kw. ak. tlethong, sêsukêr.
purna: (S) kw. 1 ak. ganêp, wutuh; 2 pulih, mari; 3 ak. rampung; [x] jati ([x] waluya jati): pulih kaya kang sakawit (mari).
purnam: (W) kn. 1 jênêng kang baku (dudu jênênging krabat); 2 aksara cêkakaning jênêng kang dumunung ingarêp.
purnama: (S) kn. rêmbulan wutuh (nêdhêng bundêr).
purnamasidi: kn. ak. rêmbulan wutuh tanggal 14, 15 (gunggunging nêptuning dina lan pasarane iya samono).
purnami: br. purnama.
purnacandra: (S) kw. purnama.
puru: kn. 1 (lêmah [x]) bngs. lêlara kulit.
purug: k. paran; dipun-[x]-i k: diparani.
puruhita: (S) kw. 1 pandhita kraton, guru; 2 mêguru, nggêguru.
purun: k. 1 gêlêm; 2 wani.
purus: I kn. 1 dalan uyuh ing palanangan; 2 urat sangisoring konthol têrus ing palanangan; 3 ks. palanangan. II kn: ancêring saka kang manjing bolongan ompak (ut. kayu liyane, pangêrêt lsp).
purusa: (S) kw. 1 (wong-) lanang; 2 ak. kuwasa, kakêndêlan; kc. prusa.
purusa-lingga: kw. palanangan.
purusotama: (S) kw. (prajurit, wong) linuwih.
purut: kn. 1 (jêruk [x]) ar. jêruk kulite pating pruntus; 2 (asu [x]) ks. asu gudhigên.

purwa: (S) kw. 1 wiwitan, kang dhisik; 2 ([x] kala) jaman kuna, wiwit ing kuna mula; 3 wetan; di-[x] kw: diwiwiti, digawe; kc. wayang-purwa, murwa.
purwa-duksina: kw. wetan karo kidul (wiwitan lan pungkasan); ora eling [x] br: bingung, kuwur, sêmaput.
purwaganda: pc. propagandhah.
purwaka: (S) kw. 1 ak. biyèn, dhisik, wiwitan; 2 bêbuka (layang, sêsorah lsp); dipurwakani: diwiwiti, diwènèhi bêbuka.
purwakanthi: kn. têtêmbungan kang padha swarane ut. kang padha aksarane.
purwa-madya-wusana: kw. wiwitan (-têngahan) lan pungkasan (wiwitan têkan pungkasan).
purwaning dumadi: kn. (wiwitaning tumitah) ar. kitab suci (Kristên).
purwarês: (W) pc. kang maju ingarêp (tmr. bal-balan).
pusa: êngg. kn. ora ana pamêtune (tmr. sawah lsp); diêdol [x] êngg: diêdol têrus (ora kêna ditêbus manèh).
pusak: kn. unyêng-unyêngan kang ana ing êmbun-êmbunan (cakêt bathuk).
pusaka: kn. 1 barang warisan ut. tinggalan kang dipundhi-pundhi; 2 êngg. sawah warisan (dudu duwèking desa); 3 (layang [x]) ak. layang piwêkas awujud pitutur lsp; dipusakani ak: diwènèhi (ditinggali) pusaka; dipusakakake: ditinggalake (diwarisake) marang.
pusang: pusêng kw. bingung, kuwur, kodhêng.
pusara: kw. tali, rante, pangikêt; [x]-ning praja: (têtali ut. kêndhalining nêgara) pangrèhing nêgara; di-[x](-an) kw: ditalèni, dibanda, dirante.
pusêk: ut. [x]-an kw: kisruh, kuwur, bingung.
pusêng: I kw. bingung, kuwur, kodhêng. II di-[x] kn. ak: diubrês (ditlêsihake, digolèki) mênyang êndi-êndi; kc. mungsêng.
pusêr: I kn. tuntunan ki. êngg: 1 usus kang nggandhèng wudêl (tmr. bayi); 2 wudêl. II kn: titik (ing cakran) kang têngah; 2 ent. undêran, pancêr; [x]-an: undêran, buwêngan (ing kayu, banyu); kc. musêr, mungsêr. III kn: ar. ulêr.
pusing: I êngg. pc. bingung, kuwur, kodhêng; kc. pusang, pusêng. II di-[x] êngg. kn: dibêbeda, diganggu-gawe.
puslir: (W) kn. saradhadhu lumrah.
pusuh: I ut. [x]-an kn. ak: gulungan kapas sing wis dirêsiki bakal diantih. II ut. [x]-[x] êngg. kn: maras.
(pusus): di-[x]: 1 kn. diuyêk-uyêk lan diwênyêt ing tangan loro ditangkêbake; 2 kw. diubêngake; di-[x]-i: dikumbah lan dikosèk (tmr. bêras lsp).
puspa: (8) kw. kêmbang.
puspa-kajang: kn. ar. ula.
puspa-lembong: kn. ar. têtuwuhan bngs. kimpul.
puspanjali: kn. ar. têmbang gêdhe.
puspanyidra: kn. bngs. kimpul.
puspita: (S) kw. kêmbang.

pustaka: (S) kw. layang, buku.
(pusthi): I di-[x] kw. dicêkêli (tmr. gêgaman). II di-[x] kw: dièsthi, dipindêng.
pusthika: kn. ak. bngs. watu kang ana dayane; kc. musthika.
putat: kn. ar. wit.
putbal: (W) bn:[15] bal-balan.
putbalbon: (W) kn. pakumpulan bal-balan.
putèh: êngg. pc. putih.
putêk: kn. ak. judhêg bangêt (nganti tanpa pikiran).
--- 505 ---
putêr ~ pog-pogan.
putêr: I ut. [x]-[x] kn. 1 mubêng-mubêng, kliling; 2 nênunggang kreta lsp. mubêng mênyang êndi-êndi; di-[x]: 1 diubêngake (obèngan motor, jam lsp); 2 dienggokake bali (tmr. kreta, montor lsp); 3 diêlih ditandur (dipêndhêm) ing panggonan liya (tmr. wit, kuburan); 4 dibabitake (tmr. pêdhang); 5 didongani supaya bali (tmr. wong minggat lsp); 6 br. diêrèhake, dikuwasani (tmr. jagat, nêgara); kc. putêran. II kn: ar. manuk bngs. dara (kalumrah diingu).
putêran: kn. piranti kang dianggo mutêr (jam, mêsin, montor, diyan lsp); 2 tanduran lsp. kang diputêr.
putêr-giling: kn. ar. donga (aji) dianggo mutêr (mbalèkake) wong kang lunga; di-[x]: didongani (disranani) supaya bisa bali (tmr. wong minggat lsp).
putih: n. pêthak k. 1 warna kaya dene warnaning kapuk; 2 ([x] atine) suci, utama; di-[x]: 1 dikêthèl lan disêkuli supaya putih (tmr. mori lsp); 2 digilapake (tmr. gêgaman); 3 didadèkake putih; [x]-an: 1 kang wis diputih (tmr. mori lsp); 2 pc. tanpa nganggo warna; kc. mutihan.
putih mulus: n. pêthak [x] k. kabèh warnane putih (tmr. ulêsing kewan).
putih mêmplak: n. pêthak [x] k. putih bangêt.
putu: kn. wayah ki. anaking anak.
putung: kn. 1 tugêl tmr. barang kang dawa (têkên, gèntèr lsp); 2 [x] atine) ent. êmoh mèlu rêrêmbugan lsp; di-[x](-ake): dicoklèk (tmr. barang kang dawa); [x]-an: 1 barang kang wis putung: 2 (-atèn) gampang nêpsu banjur ora gêlêm cawe-cawe; kc. kêputungan, mutung.
putus: kn. 1 ak. pêdhot, 2 wis rampung (pangrêmbuge), wis ditêtêpake (tmr. prakara); 3 wis tamat (tmr. sinau), wis ngêntèk ut. pintêr; 4 olèh ênggone mèlu lotre; di-[x]: 1 br. dipêdhot; 2 ditêtêpake (tmr. rêrêmbugan), dipancasi (tmr. prakara); di-[x]-i ak: diadili dêtêtêpake[16] sapa kang salah; [x]-an: karampunganing rêmpug,[17] pancasaning pangadilan, katêtêpan; kc. kaputusan.
putusan: ki. ak. kongkonan; kc. utus.
putra: ki. anak; pêputra ki: anak-anak.
putraka: kw. putu.
putra sêntana dalêm: kn. anak lan sanak saduluring ratu.
putrèn: kn. 1 ak. golèk, anak-anakan; 2 jagung ênom.

putri: 1 kn. anaking ratu (para luhur) kang wadon (lumrahe ing crita); 2 ki. wadon.
pucak: kn. perangan kang dhuwur ut. pucuk (tmr. gunung lsp).
pucang: kn. wit jambe; kc. mucang.
pucat: pucêt kn. katon putih ora sumringah (tmr. rai lsp).
pucu: êngg. pc. 1 kucu; 2 pêncu.
pucuk: kn. 1 perangan kang kaprênah ing dhuwur ut. kang mêrit (tmr. barang kang dawa ut. lancip); pêpucuk: 1 ak. kang kawitan, kang dadi jalaran; 2 pangarêp(ing baris); 3 (layang [x]) ak. layang panantang pêrang; di-[x]-i: ak. diwiwiti, dibukani; [x]-an: perangan kang pucuk; kc. mucuk.
pucung: I kn. wiji kluwak; bapak [x]: ar. kewan ibêr-ibêran. II kn: ar. têmbang macapat.
putha: (S) kw. ak. lêmpitan.
puthangkring: kn. pêthangkring.
puthêl: êngg. pc. tugêl pucuke.
puthêr: kn. mbêngkêluk nêkuk (tmr. driji, pang lsp).
puthês: I êngg. pc. punthês, curês, ludhês. II di-[x] êngg. kn: dipunthês.
puthu: kn. ar. panganan (kang dicithak); kc. puthon.
puthuk: êngg. kn. punthuk.
puthul: kn. ak. pruthul.
(puthun): di-[x]-[x] kn. ak. diuthun-uthun.
puthut: kn. andêl-andêling pandhita (guru).
puthon: kn. 1 awangun kaya saparoning bundêran kêplêng (tmr. mas, slaka kang diluluh); 2 dhasare awangun bundêr mlênthu (tmr. kêndhil lsp).
(puwa): [x]-[x] kn. ak. ambêk siya, sawênang-wênang.
puwadhe: êngg. kn. palinggihan kang pinajang-pajang dianggo linggih pangantèn.
puwan: kn. ak. puhan, pêrêsan.
puwantên: k. puwara.
puwara: (n. puwantên k.) kw. pungkasan, wasana, têmahan.
puwas: êngg. kn. 1 rampung; 2 jêlèh, marêm; 3 coba kaya ngapa!
puwasa: êngg. ak. pasa.
puwêr: êngg. kn. sampil.
(puwung): di-[x] kn. ditrimakake (dianggêp wis prayoga) marga ora bisa olèh kang luwih prayoga; [x]-an: mung trima lowung.
poak: êngg. kn. buthak.
pojar: kn. 1 ak. gunêm, ujar; 2 êngg. ak. kandha; [x]-an ak: gunêman; kc. ujar.
pojok:(-an) kn. lowahan ingantarane (sajrone, sajabane) garis (lumah lsp) kang têmpuk; di-[x]-i: digarap pojoke (tmr. sawah, bathikan); kc. mojok, kêpojok.
podhang: kn. ar. manuk; kc. kêpodhang.
podhèn: êngg. kn. turahan; kc. podhi.
podhêng: (W) kn. ar. panganan.

podhi: kn. ak. intên las-lasan.
poèl: kn. 1 ompong ganti untu (tmr. jaran lsp); 2 pc. ks. ompong, wis tuwa.
pog: kn. 1 êngg. katog, êntèk; 2 pc. wis sah; 3 pc. ajêg bae (ora mundhak ora suda); di-[x] pc: dicugag (tmr. gunêm lsp.).
pogêran: êngg. kn. wêwaton, pathokan; kc. paugêran.
pogog:(-an) kn. tunggakan wit (isih ngadêg nanging tanpa pang).
(pogok):di-[x] kn. ak. ora diturut (parentah lsp); [x]-an: lèrèn êmoh nyambut gawe; kc. mogok.
pogot: êngg. kn. gothot, kiyêng.
pog-pogan: I kn. 1 êngg. pungkasan, têmahan, wêkasan; 2 pc. padha dene ngêsahake (buk-bukan).
--- 506 ---
II kn. ak: kang dianggo padinan (tmr. sandhangan lsp); kc. êmpog.
poh ~ pondhok.
poh: I êngg. kn. 1 pêntil pêlêm; 2 pêlêm. II di-[x] êngg: dipuh.
pohan: êngg. kn. puhan, pêrêsan.
pohung: kn. (kêtela [x]) kêtela kaspa.
pohot: êngg. kn. kilang têbu, tètès.
poyan: êngg. kn. 1 kandha, ngandhani; 2 pamitan.
poyang-paying:(-an) kn. ak. kontrang-kantringan dening bingung (susah bangêt).
poyuhan: êngg. pc. puyuhan.
(poyok): pêpoyok kn. têtêmbungan panacad (pangala-ala); di(-pê-)[x]-i: disêbutake cacade ut. sipate kang kurang prayoga; (pê-)[x]-an: 1 padha dene moyoki; 2 têtêmbungan surasane moyoki; 3 moyoki sarana têtêmbungan (tmr. bocah jothakan lsp); 4 jênêng pêpoyok.
pok: I mak [x] pc. katêranganing woh lsp. tiba. II kn: perangan kang pungkasan (tmr. apa-apa kang tumancêb ut. kang gandhèng karo liyane), up. [x]-ing ilat (-kuping, -wit); di-[x] pc: 1 ditugêl (dipêdhot lsp) ing pok; 2 diêntèkake kabèh. III pok-punêng êngg: êntèk kabèh, wis ora bisa mundhak; kc. pog.
pokah: kn. sêmpal ing pok (tmr. pang); di-[x](-ake): disêmpal poke (tmr. pang).
pokak: kn. (wedang [x]) wedang srêbat.
pokal: I kn. anaking wit gêdhang (kang ditandur). II (ut. [x] gawe) kn: pratingkah ut. akal kang ora bêcik.
pokèk: kn. (clana [x]) kathok cêndhak.
pokik: poko ks. mati.
pokil: pc. reka ênggone golèk kamelikan (kauntungan).
pokiran: êngg. kn. paukiran.
poklèk: kn. ak. coklèk.
poklot: êngg. pc. potêlod.
pok-o, pok-oping: kn. bngs. lênga pêrmèn kang sumriwing.
pokung: êngg. kn. tela kaspa.
pokok: kn. 1 pok ut. lajêring wit; 2 êngg. pc. asal; 3 êngg. pc. baku(ning rêmbug lsp); 4 wong kang baku (dêdunung, nganggo lsp); 5

pawitan (kang dianggo makarya, dêdagangan lsp); 6 pc. kang bêcik dhewe; di-[x]-i: 1 dibakoni; 2 dipawiti.
pokol: kn. 1 socaning wit (kang mbêndhol, tilas pang); 2 êngg. dhangkèl (ing têtuwuhan).
pokrul, pokrol: (W) kn. juru mbombong (ngêmbani) prakara ana ing pangadilan; di-[x]-i pc: diêmbani (prakarane); 2 dibêbaluhi, dipangarêpi; di-[x]-ake pc: dijalukake rêmbug marang pokrul.
pukrul bambu: pc. 1 pokrul kang ora wêton pamulangan luhur; 2 pokrul mung ngapusi.
pokrul-jendral: (W) kn. pangarêping bêbadan ing pangadilan luhur.
pol: I êngg. pc. êmpol. II (W) pc: 1 kêbak; 2 sah, lunas; 3 wis katog, wis têkan kang akèh dhewe.
pola: kn. 1 ak. tuladha, conto; 2 gambar bathikan ing dluwang dianggo blak bathikan.
polah: kn. 1 obahing angganing badan; 2 êngg. obah-obah badane (nêdya uwal, marga lara lsp); 3 pc. cara, pratikêl; kakehan [x] pc: kakehan pratingkah (reka); di-[x]-ake ak: diobahake; kc. molah, ulah, solah.
polatan: kn. praèn, wujuding rai; jêmbar [x]-e: jêmbar wawasane, ent. sugih kawruh; kc. ulat.
poldhan: (W) pc. sah, lunas.
polèng: kn. 1 êngg. ar. lurik; 2 coraking bathikan lèrèk dhamdhaman.
polèt: kn. três, sêtrip ing lêngênan.
polèksrat: (W) pc. rad kawula.
polêntèr: pc. plontèr.
polih: tan [x] kw. ora olèh.
polir: poliyêr kn. puliyêr.
politik: (W) kn. 1 babagan iguhing ngêrèh nêgara; 2 pc. reka kang ora barès.
poluk: êngg. kn. puluk.
polo: kn. utak, utêk.
polok: kn. kêmiri sikil.
polong: kn. 1 woh cêngkèh; 2 bngs. kacang, kapri lsp.
polor: kn. ak. atining wit.
polos: I êngg. kn. alus ut. lunyu tanpa gêrêt-gêrêt tanpa tatahan (tmr. dhuwit, pêndhok lsp). II kn: bngs. cindhe mawa corak lirik-lirik.
pol-polan: pc. sah-sahan, têkan sakatoge; kc. pol.
poma:(-poma) kn. ak. mratelakake pakon (piwêling) kang kalawan bangêt; di-[x](-[x]) ak: sing têmênan.
pomahan: n. pemahan k. pakarangan kang diêdêgi omah; kc. omah.
pompa: (W) kn. piranti dianggo nyêmprotake banyu (angin); di-[x]: disêmprot (diisèni) sarana pompa.
pon: I kn. ar. dina pasaran kang katêlu. II kn. ak: pun (½ kg).
ponakan: n. penakan k. êngg. pc. kaponakan.
ponang: kw. kang; kc. punang.
ponjèn: kn. ak. kanthongan wadhah jamu-jamu (bumbon crakèn); tumplak [x]: 1 sasrahane anak ragil, mantu anak ragil; 2 pc. nganti

êntèk kabèh, êntèk-êntèkan; di-[x]-i ak: 1 dilêbokake ing ponjèn; 2 ent. dilêbokake ing ati (tmr. kawruh).
ponjol: kn. ak. saèm. penjol.
pondhèh: êngg. kn. 1 ak. pundhuh, kulina; 2 pc. pintêr; 3 wis cukup, bosên.
pondhêmèn: kn. ak. kc. pandhêmèn.
pondhoh: kn. 1 peranganing wit krambil, pênjalin lsp. kang pucuk (êmpuk sarta lêgi); 2 (sêga [x]) ar. panganan kang digawe bêras; di-[x]: ditindhik, dicublês godhohe bakal dadi lèng pasuwêngan (tmr. bayi).
pondhok: I kn. ak. buntêlan ut. wungkusan (panganan lsp); di-[x]: diwungkus, dibuntêl (ing godhong, tapas lsp). II kn: 1 omah kang diênggoni ing mangsa kala, gubug (ing alas lsp); 2 (ut. [x]-an) omah pasantrèn dianggo sinau ngaji (muride padha manggon ana ing kono); 3 (ut. [x]-an) omah panginêpan, omah
--- 507 ---
sadhiyan bocah sêkolah lsp. (kang adoh panggonane); di-[x]-i: dinunuti manggon (nginêp); di-[x]-ake: diinêpake ing.
pondhok gamblok ~ poros.
pondhok gamblok: (-glongsor, -kringkêl, -ringkuk, -slusup, -sumpêl, -tlosor) kn: wong kang nunut manggon ing omahing liyan.
pondhok karang: (-rompok, -tèmpèl) kn. wong kang ngindhung ana ing pomahaning liyan.
pondholan: kn. ak. cêkokan ing ikêt.
(pondhong): di-[x] kn. ak. 1 saèm. dibopong katèmpèlake ing dhadha (panggawane pangantèn wadon dening sing lanang); 2 diboyong mênyang ing panggonan liya; [x]-an: 1 digawa sarana dipondhong; 2 boyongan.
pondhong-pikul: kn. ak. 1 nindakake pagawean kang abot; 2 ak. ar. pajêg ing jaman biyèn (katur panjênênganing ratu).
ponès, ponis: pc. pêpancasaning pangadilan.
ponponane: ak. ing wasanane (têmahane) mêksa.
poncol:(-an) pc. pojok (pongol) kang nglojok; [x]-an êngg: 1 cêkokan, mondholan (ikêt); 2 kurang ajar; kc. moncol.
poncot: kn. 1 êngg. pojok, pongol; 2 klèmbrèhing tapih lsp; di-[x]: digawa (diwadhahi, dibundhêli) ing poncoting tapih, kêmbên lsp.
ponthang: kn. mawa warna sêlang-sêling (tmr. cêmêthi, pêdhang, tumbak lsp).
ponthêng: êngg. kn. ponthang.
ponyol: kn. ak. pinggiran (wêngku) kang mongol.
pong: pc. pêpindhan swaraning kênong japan; kc. pong-pongan.
pongah: kn. ak. bodho; di-[x] êngg: diapusi.
pongah-pangih:(-an) kw. ngolang-ngaling (ngosèk) nalikane turu.
pongge: kn. isi durèn.
ponggok: êngg. ak. mogok, mandhêg.
ponggol: sa-[x] êngg. sakênongan sêga.
pongkongan: pc. wong wis tuwa.

pongkor: êngg, kn. bumbung (pandèrèsan).
pongkrang: gêrang [x] pc. wong wis tuwa.
pongo: I kn. ak. mlongo, plonga-plongo. II di-[x]-[x] pc: dipangan (êmut) banjur disêmbur-sêmburake (marga kêpanasên).
pongol: kn. 1 wadhas, watu lsp. kang mangul (moncol); 2 êngg. dharatan kang nglojok ing sêgara, tanjung; kc. mongol.
(pongor): di-[x]-[x](-ake) pc. diunèk-unèkake kalawan diwêlèh-wêlèhake.
pongpok: êngg. kn. tutup keyong (ing omah kampung).
pong-pongan: kn. 1 ar. kewan sêgara saèm. yuyu nanging mawa cangkok kaya keyong; 2 êngg. ngabotohan bêdhèk-bêdhèkan cirining dhuwit (krun, Arab).
pongponggi: kn. ar. têtuwuhan.
po-o, poping: pc. pok-oping.
po-ot: êngg. kn. kilang têbu, tètès.
(popo): di-[x] kn. ak. kêpêksa ora dilakoni dening ora kêconggah; kc. mopo.
popog:(-an) êngg. kn. 1 buk (tanpa bathi); 2 ajêg bae ora mundhak (tmr. rêrêgan lsp); kc. pog.
popogan: êngg. kn. saèm. kêpala kampung (karerehaning lurah).
popok: êngg. kn. gagah, mêmpêng; kc. kêpopoh.
popok: I di-[x] kn. 1 ditèmplèki apa-apa kang jêmèk (tamba, blêthok lsp); 2 dilepa ing lêmah ut. lêmpung (tmr. galêngan); di-[x]-i pc: 1 ditutupi (pialane, supaya katon bêcik); 2 diwuwuhi kakurangane; di-[x]-ake: ditèmplèkake (dilepakake) ing; [x]-an: lepa. II kn: lèmèk ut. tapihing bayi (suwèkan jarit lsp); di-[x]-i: dilèmèki (ditapihi nganggo popok. III pc: poprok.
popol: kn. gapuk sarta padha cêpot (tmr. kayu); di-[x] pc: dikêthok dicêndhakake (tmr. rambut); kc. papal, mopol.
popor: kn. 1 kayu dianggo madal (nyodhog), kayu garaning bêdhil; 2 (prang [x]) br. pêrang amuk-amukan; kc. por.
poprok: kn. 1 nglumpruk dening kêsêl bangêt (ora bisa mbanjurake lakune); 2 pc. bobrok, rusak (tmr. omah lsp); 3 pc. bangkrut, jatuh (tmr. dêdagangan); 4 kêpêksa nyèlèhake pangkate, hake lsp. marga kêmlaratan ut. sèkèng; [x]-an êngg: sawah ora ana sing duwe (marga wis ditinggal karo sing duwe dening ora bisa nêtêpi sêsanggane lsp); kc. moprok.
poprol: kn. padha popol; kc. mopol.
por: I êngg. pc. 1 wis katog (ênggone nguja, nganggo lsp); 2 bêcik bangêt (ora ana sing ngungkuli); di-[x] pc: diuja sakatoge; di-[x]-ake pc: dikatogake. II kn: kayu lêgok dianggo lendhehan wong kang nênun sarta manthêng kang ditênun (piranti panênunan). III êngg. kn: wis sayah (tmr. sapi lsp); kc. apor, kaporan.
pora, poran: êngg. karêbèn.
pora:(-jana) kw. kawula (wong ing nêgara).
porang: kn. krêmi ing jêroning raja-kaya; [x]-ên: lara marga akèh porange (tmr. kêbo lsp).

porèspondhèn: (W) kn. juru pakabaran (ing koran).
porêt: kn: (anggur [x]) ar. anggur (minuman).
porod: êngg. kn. suda, larud; kc. morod, plorod, porot.
porok: kn. 1 garpu; 2 ([x] pit) pc. wêsi kang njapit rodha ngarêp (têrusane sêtang); 3 êngg. ks. tangan.
porong: I êngg. 1 gosong bangêt; 2 pèlèt ut. dlêmok tutul irêng (ing pênjalin lsp); di-[x] ak: digawe tutul-tutul irêng (tmr. pênjalin, kayu lsp) sarana dislomoti lsp. II kn: bngs. teko, nyo, kan (dianggo gawe wedang tèh). III kn: klèmbrèhing sampur kang diubêdake ing bangkekan.
poros: sa-[x] kn. saconthongan suruh kang wis dipêthêti; di-[x]-i, [x]-an: dipêthêti sarta ditata ing conthong ut. ing wadhah kinang (tmr. suruh).
--- 508 ---
porot ~ praba.
porot: kn. sêmprot dianggo nyêbul gêni (piranti kêmasan); di-[x] ak: dirêsiki sarana disêmprot gêni (tmr. mas kang diluluh); kc. porod.
por-poran: pc. ujan-ujanan, katog-katogan; kc. por.
portêpèl: (W) kn. bngs. èblèk wadhah layang lsp.
portrèt: kn. ak. potrèt.
pos: I mak [x] pc. pêpindhan swaraning ndamu lsp; di-[x] êngg: didamu, disêbul; kc. kêmpos. II (W) kn: 1 ak. omah palerenan ing dalan (dianggo sadhiyan ganti jaran lsp); 2 ukuran adoh; dohe ana 5 pal (7½ km); 3 (kantor pos) kantor panglantaring layang kiriman lsp; di-[x]-ake pc: dilêbokake ing kantor pos (ut. ing bis) tmr. layang.
posah-pasihan: kn. lagi trêsna-tinrêsnan (tmr. pangantèn anyar).
posbode: (W) kn. opas pos (palayangan).
posing: I (C) kn. ar. mainan. II êngg. pc: mumêt, buyêr; gawe [x] êngg: gawe kangelan (rêkasa).
posit, poso: ks. mati.
(poso): di-[x]-[x] êngg. kn. disêntak-sêntak, dioso-oso.
posol: êngg. kn. jagung ênom.
posong: êngg. kn. bngs. icir (piranti dianggo misaya iwak).
pospakèt: (W) kn. barang kiriman mêtu ing pos (kantor pos).
poswisêl: (W) kn. kiriman dhuwit mêtu ing pos.
pot: I kn. ak. 1 kandhêg; 2 têndhag, têlag; ora [x] ak: ora kêndhat, tansah; di-[x]-i ak: dilowoki. II (W) kn: 1 jêmbangan wadhah tamanan; 2 udhu, totohan kang dianggo rakit (ut. lotre); 3 ar. dolanan kênèkêran nganggo totohan.
potang: kn. 1 ak. panagihing utang; 2 (pagawean) nganakake dhuwit; [x] kabêcikan: awèh jasa marang; di-[x]-i ak: 1 diutangi dhuwit lsp; 2 dibêciki dening; di-[x]-ake ak: diutangake marang; kc. utang.
potêlod: kn. pènsil.
potlop, potlot: kn. potêlot, pènsil.
(potok): di-[x] kn. ak. 1 disambung manèh (tmr. jarit sing wis sigar lsp); 2 disambung (tmr. gandar karo wrangka); [x]-an: êngg. tugêlan

(kêthokan) kayu; 2 sambungan (tmr. jarit); 3 sambungan (tmr. wrangka).
potong: êngg. pc. 1 (sa-[x]) satugêl, sairis; 2 (sa-[x]) siji (tmr. barang bêstèlan lsp); 3 ([x] rambut) cukur; 4 ([x] Bandhung, -Cina lsp) caraning bêdhahan klambi; di-[x]: 1 êngg. dikêthok (tmr. têbu lsp); 2 ditêgor (tmr. pring lsp); 3 êngg. dibêlèh; 4 dicukur (tmr. rambut); 5 pc. dicowok, disuda; 3 (ut. di-[x]-i) dibêdhahi (tmr. klambi lsp); [x]-an: 1 êngg. kêthokan, rêmbangan (têbu lsp); 2 bêdhahan (klambi lsp); 3 pc. wanguning praèn; 4 caraning nyukur, panggonane tukang cukur; 5 pc. cowokan, sudan.
potong ayam: kn. sumpah (supata) cara Cina.
potong gurung: êngg. kn. (pajêg [x]) pajêg nyêmbêlèh raja-kaya.
potra: (S) kw. ak. prau.
potraka: (S) kw. ak. putu.
potrèk: I (ut. potrèg) kn. kotrèk (piranti dianggo nyopot gabus gêndul). II pc: kc. potrèt.
potrèt: (W) kn. 1 gambar wong; 2 gambar kang panggambare sarana piranti nganggo surya-kantha; 3 digambar sarana piranti; di-[x]: digambar sarana piranti mawa suryakantha.
pocapan: kn. 1 gunêman; 2 omong-omongan; dadi [x]: dadi loking wong akèh (akèh wong kang padha nggunêm); kc. ucap.
pocar-pacir: êngg. kn. pothar-pathir.
(pocèl): di-[x]-i êngg. kn. dipipili (tmr. jagung).
poci: êngg. pc. bngs. nyo.
pocuk: êngg. kn. pucuk.
pocung: kn. ar. têmbang macapat; kc. pucung.
(pocok): I di-[x] êngg. kn. dibacok, ditêgor, dikêthok. II di-[x]-ake êngg. kn. dikon nggarap wong liya ing sawêtara mangsa (tmr. pagawean); [x]-an: 1 pagawean kang dipocokake; 2 êngg. wong nyambut gawe kang mung mocok; kc. mocok.
pocol:(-an) êngg. kn. bandhol, ugal-ugalan.
pocong: I ki. bokong. II sa-[x] kn: sabêntèl (tmr. pari); di-[x]-(-i): 1 dibêntèli (tmr. pari); 2 dibontoti, dibongkoki (tmr. têbu); 3 dibuntêl ing ulês (tmr. mayit).
pocongan: êngg. kn. pilihan lurah desa.
pocot: kn. 1 êngg. ak. copot, coplok; 2 êngg. ak. dibukak (tutupe, topine lsp); 3 dilèrèni ênggone dadi priyayi lsp. marga kaluputan; kc. copot.
(potha): di-[x]-[x] kw. dipêksa-pêksa dijak sacumbana (tmr. wong wadon).
(pothah): di-[x] kw. dirèwèli (ing anake lsp).
pothar-pathir: êngg. kn. 1 pating bêcècèr, pating slêbar; 2 bingung.
pothèk: êngg. pc. pothèl.
pothèl: êngg. ak. pothol.
pothèng: kn. ak. pêpilahan panêmune (pangrasane); di-[x](-[x]): diperang-perang sarana disêmpal-sêmpal peranganing awake (lumrahe tmr. pitik).

pothès: êngg. pc. pothol.
pothèt: êngg. kn. kunthèt.
potho: kn. 1 lêlaraning raja-kaya.
pothok: kn. 1 êngg. pc. pathok (wis ditêtêpake rêgane lsp); 2 êngg. kêncêng lan rosa (kuwat) tmr. pawakan; kc. kêpothok.
pothol: kn. prothol.
powak: êngg. kn. buthak.
powan: kn. ak. puhan, pêrêsan.
powèl: pc. poèl.
pra: plutane. para.
praba: (S) kw. 1 sorot, cahya; 2 gambar pêpêthaning sorot (cahya) kang ngupêngi êndhas (ut. saburining gêgêr); 3 rêrênggan wayang ing saburining gêgêr (saèm. gambar suwiwi).
--- 509 ---
prabayasa ~ prakara.
prabayasa, prabayêksa, prabasuyasa: kn. dalêm gêdhe ing kraton.
prabakara: (S) kw. srêngenge.
prabancana: kw. angin.
prabangkara: kw. srêngenge.
prabaswara: (S) kw. ak. sumorot bangêt.
prabata: I kw. gunung. II (S) kw: esuk.
prabatang: kn. ak. kayune wit gêdhe kang wis rubuh.
prabawa: kn. 1 kw. kaluhuran, kasêktèn, panguwasa; 2 daya kang mêtu saka kaluwihan (kaluhuran); diprabawani: didayani.
prabeda: kw. beda, kacèk.
prabeya: kn. ak. 1 wragad; 2 pajêg; kc. beya.
prabu: (S) kw. 1 ak. bêndara, panggêdhe; 2 ratu, panyêbut marang ratu; kc. kaprabon.
prabu-anom: kw. pangeran adi-pati.
prabusèt (-mata): kn. ar. kêmbang.
prabot: kn. 1 apa-apa kang dadi kabutuhaning nindakake up. [x]-ing pêrang; 2 peranganing barang kang prêlu ana, up. [x]-ing kêris (yaiku pêndhok lsp); 3 êngg. abah-abah; 4 êngg. pc. piranti; 5 ak. bêbakaling dandanan; 6 êngg. punggawa desa andhahane lurah; di-[x]-i: 1 diwènèhi prabot, dipirantèni; 2 êngg. diabah-abahi; kc. mrabot.
prada: n. praos k. bubukan êmas (slaka) dianggo nyungging wayang lsp; di-[x]: 1 disungging ing prada; 2 pc. dialêm kang ngluwihi kanyatane, ditutupi alane.
pradan: n. praosan k. kang diprada.
pradana: I (S) kw. pangarêp, panggêdhe. II kw: pawèwèh, darma; kc. dana.
pradandanan: n. pradandosan k. ak. padha dandan cumêpak.
pradangga: kw. gamêlan.
pradanggapati: kw. srêngenge.
pradapa: kw. lung ênom, pupusing godhong.
pradata: kn. pangadilan.
pradikan: kn. ak. tanah kang ora dikênakake pajêg; kc. pêrdikan.

pradikês: kw. pintêr, trampil; kc. pratingkês.
pradin: êngg. kn. rampung.
pradipta: kw. pêpadhang, diyan.
praduli: n. praduntên k. ak. mèlu ngrêmbug (migatèkake) prakaraning liyan; kc. pêrduli.
pradondi, pradongdi: kn. ak. pasulayan, pêpadon.
pradulan: kn. ak. sênêng wadul.
pradon, praduan: kw. paturon.
praja: kw. 1 kraton; 2 krajan; 3 nêgara; 4 ak. kêdhaton.
(prajaya): di-[x] kw. dikalahake, dipatèni.
prajaka: kw. kongkonan.
prajanji, prajangji: kn. ak. saguh sumêdya ...; [x]-an: 1 padha dene nêtêpake kasaguhan; 2 mupakating rêmbug kinanthèn kasaguhan; kc. janji.
praji: êngg. kn. dhukun bayi.
prajurit: kn. wong kang maju pêrang, saradhadhu; [x]-an: panganggo sacaraning maju pêrang (akathok panji-panji, bêbêdan supit urang).
pradhah: I kn. loma, dhêmên nyênyuguh, dhadhag bangêt; di-[x]-i ak: didhadhagi, digagahi. II di-[x] kw: diukum didadèkake mujangan (batur tukon).
praèn, praean: kn. ak. wanguning rai, pasêmon; kc. rai.
pragad: êngg. ak. rampung; di-[x] êngg: 1 ak. dirampungake; 2 disêmbêlèh.
pragak: kn. pang gêdhe cêcawangan.
pragalba: (S) kw. 1 galak, ambêk wani; 2 macan; kc. mragalba.
(pragas): di-[x] kn. ak. dipagas.
pragèn: I kn. wadhah uyah sarta bumbu. II êngg. kn: pantaran. III êngg: wis mrabot; kc. pragi.
pragene: êngg. kn. manawa, yèn.
pragêdèl: êngg. ak. cacahan iwak.
pragi: êngg. kn. prabot, piranti.
pragiwaka: (S) kw. ak. pamisah, jaksa.
pragnya:(na) kw. 1 kawicaksanan, kawruh; 2 pintêr; 3 waspada, ngati-ati.
praguwa: êngg. kn. gêdhe bangêt.
(pragol): di-[x]-ake pc. dipagolake.
pragola rukêt: kw. pêrang rukêt (gêlut).
prah: I mak [x] pc. tiba ut. sumèlèh; kc. êmprah. II êngg. kn: lumrah; kc. kaprah. III salawe [x] ak: 24. IV (W) kn: (barang [x]) barang kang dikirimake ing sêpur; di-[x]-ake: dikirimake ing sêpur.
prahara: kn. angin gêdhe awor udan dêrês.
praharana: (S) kw. pambengkas, gêgaman.
prahoto: (W) kn. montor momotan barang-barang.
prahpun: k. ak. kêpriye.
prahtekên: (W) kn. tandha pitakon (?).
prail: kn. babagan ngêdum warisan; di-[x]: dibage (tmr. warisan), ent. diperang-perang, didum.

praya: I kw. niyat, sêdya, karêp. II kn. ak: cahya (tmr. jaran); nyuda [x] pc: nyuda kaluhuraning liyan.
prayagung: kn. ak. priyayi gêdhe.
prayayi: n. prayantun k. ak. priyayi.
prayangan: kn. lêlêmbut (dhêmit).
prayatna: kn. ak. prayitna.
prayetna: kn. ak. prayitna.
prayig: pating [x] pc. padha oyag-ayig.
prayitna: kn. awas sarta ngati-ati; diprayitnani: dikawekani.
(prayut): di-[x] pc. dibrayut.
prayojana: (S) kw. sêdya, karêp, niyat.
prayoga: n. prayogi k. 1 (ut. duga-[x]) ak. panglimbang kang bêcik; 2 bêcik ut. pantês (dianggo, ditindakake lsp); di-[x] ak: dipêpantês (ditata, dituturi lsp) murih bêcik; diprayogakake: 1 dimupakati, dianggêp wis prayoga; 2 diwènèhi rêmbug murih prayoga.
prak: pc. pêrak.
prakampa, prakêmpa, prakampita: kw: lindhu, orêg, gonjing.
prakara: n. prakawis k. 1 kang dadi rêmbug (pasulayan, padudon lsp); 2 bab, kang dirêmbug (diomongake lsp); 3 apa-apa kang kêlakon; 4 pasulayan lsp. kang diadili ing pradata; kêna [x] (di-[x] ak) kêsangkut ing prakara pangadilan (dikêlahake, [(di...]
--- 510 ---
[...kêlahake,] digugat lsp); tanpa [x]: tanpa sêbab; diprakarakake: dikêlahake marang pangadilan, didadèkake prakara (pangadilan).
prakaran ~ praupan.
prakaran: n. prakawisan k. pasulayan lsp. kang diadili ing pangadilan.
prakarana: (S) kw. perangan.
prakasa: (S) kw. 1 misuwur, kaloka; kc. prakosa.
prakasita: (S) kw. misuwur.
prak-ati: kn. ak. mrak-ati.
prakatha: kw. suwara gumuruh arame.
prakawis: k. prakara.
prakêmpa: kw. kc. prakampa.
prakosa, prakoswa: kw. 1 rosa, bakuh, panggah; 2 kuwasa; di-[x] ak: dipêksa, dirosani.
prak-prakan: kn. tansah lunga (ora jênjêm).
praksana: kaca [x] kn. ak. 1 kèkêr; 2 mikroskup.
praktik: (W) kn. tumindake, panindak, cak-cakane.
pralabda: kw. lêbda, pintêr.
pralaga: kw. pêrang.
pralagi: kw. biyèn, dhisik.
pralaya: (S) kw. 1 ak. rusak, kiyamat; 2 mati.
pralambang: kn. têtêmbungan (crita lsp) minangka upama (sasmita); di-[x]-i: disêmoni, diwènèhi pralambang.
pralambi: kw. pralambang, pasêmon.
pralampita: kw. pralambang, pasêmon.
pralena, pralina: kw. mati.

pralenan: kn. pakumpulan nglumpukake dhuwit dianggo sumbang-surung yèn ana sripah.
pralêbda: kw. lêbda, pintêr.
prama: plutan. parama.
pramada: (S) kw. ak. weya, sêmbrana.
pramana: I (pramanêm k. ak) têrang ut. awas (pandêlênge); 2 pandêlêng; dipramanakake: ditamatake têmênan, didêlêng kalawan têrang.
pramanêm: k. pramana, nyidhêm [x] pr: nyidhêm tandha-yêkti kang wis têrang.
pramati: kn. ak. 1 bêcik dhewe, pêthingan; 2 kanthi têmên-têmên pangrumate (panyimpêne).
prambayun: ki. ak. susu.
pramean: pc. paramean.
pramega: kw. prabot, mênganggo.
prameya: kw. linuwih, tanpa timbang.
Pramèsthi: Hyang [x] kw. Dewa kang linuwih.
pramèswara: kw. ratu.
pramèswari: kw. garwaning ratu.
pramèsthian: kn. ak. pêpancèn, buruhan; kc. pêsthi.
pramila: k. ak. mula.
pramudita: (S) kw. ak. bungah, bêgja; jagad [x] kw: jagat kabèh (saindênging jagat).
pramugari: kw. pangarêp, panuntun.
pramuka: kw. pangarêp, lêlurah.
pramoda: (S) kw. 1 ak. bungah, kabungahan; 2 (ut. Sang pramodèng puri) ratu.
prampang: kn. garing dening panasing srêngenge, krasa panas (marga panasing srêngenge); kc. prêmpêng.
prampuhan: kn. ak. byuk-byukan têkane.
prana:. 1 kw. ak. ambêkan, napas, dayaning urip; 2 kw. pangrasa, ati; 3 ki. itil; dipranani: dituju (dikênani) atine; kc. kêpranan, saprana, mrana.
pranada: kw. palinggihan, klasa, lèmèk.
pranaja: kw. dhadha.
pranakan: kn. 1 êngg. wadhah bayi; 2 jinis (tmr. jaran lsp); 3 turunan seje bangsa (tmr. Cina, Landa); 4 (klambi [x]) êngg. saèm. klambi kurung (klambine wong lanang, abdidalêm kraton Ngayogya).
prananta, pranantika: (S) kw. pati, mati.
pranata: I (S) kw. 1 tumungkul, têluk; 2 sêmbah, nyêmbah. II di-[x] kn: ditata miturut pêpacak (dhawuhing dhêdhuwuran).
pranata-mangsa: kn. petungan bab mangsa (kasa, karo lsp).
pranatan: kn. 1 pêpacak kang wis didhawuhake (ditêtêpake); 2 tatanan, aturan; 3 (lênggahan [x]) êngg. jagongan dhinês ênggone padha linggih miturut pêpangkatane.
pranawa: kw. 1 padhang; 2 waspada, waskitha.
prandane: êngg. prandene.

prandene: n. prandosipun k. ak. ewa dene mêksa; kc. suprandene.
pranji, pranjèn: êngg. kn. kandhang pitik; kc. kranji.
pranèl: kn. ar. bakal.
pranêm:(-an) kn. 1/6.
prani: (S) kw. ak. urip, napas; kc. prana.
pranili: êngg. kn. panili.
praniti: kn. ak. paniti priksa.
(prantas): di-[x]-i êngg. pc. 1 dirampungi, dirampungake; 2 dipathok rêgane.
prantasan: êngg. pc. 1 karampungan; 2 sêmayan; kc. rantas.
prantean: kn. wong ukuman; kc. rante.
pranti: n. prantos k. 1 ak. piranti; 2 êngg. ambèn; [x]-ne êngg: adate.
prantunan: kn. 1 meja gêdhe dianggo nata olah-olahan; 2 bipèt.
prantos: k. pranti.
prang: kn. kc. pêrang.
(pranggal): I di-[x] kn. 1 dikabruk êndhase (tmr. pitik tarung); 2 pc. dibantah, disêndhu. II di-[x] kn. ak: dipronggol, dipancas (tmr. pang lsp).
(pranggul): mrangguli kn. wêruh (kêtêmu) ora kalawan sêngaja.
prangkat: sa-[x] kn. saanggon, sasêtèl.
prangkul: sa [x] kn. gêdhene padha karo antarane tangan dirangkulake.
prangwadani: kn. ak. babut kang bêcik.
prau: n. baita k. têtunggangan dianggo ngambah sêgara ut. kali; dipraoni: 1 diambah ing prau (dilayari); 2 (ut. dipraokake) diêmot (digawa) ing prau; praon: 1 sênêng-sênêng nunggang prau (cilik); 2 têtironing prau, awangun kaya prau.
praupan: 1 kn. ak. paraèn, rai; 2 (pasuryan ki) wadhah banyu piranti dianggo raup.
--- 511 ---
praos ~ (pracondhang).
praos: k. 1 prada; 2 êngg. pc. prasa.
prapal: ut. di-[x](-i) kn. dikêthoki dicêndhakake (tmr. rambut lsp), disêmpali (tmr. pang); kc. papal.
prapanca: (S) kw. 1 ak. pangapus, alangan; 2 bingung, ora jênjêm.
prapasan: êngg. kn. dalan, trabasan.
prapat: I sa-[x] (n. saprasakawan k): 1 ¼; 2 ak. 2½ dhuwit; di-[x]: 1 diperang (dibagi) papat; 2 dicorèk cawangan; [x]-an: 1 corèk cawangan (gambar salib); 2 têmpukane dalan loro kang nratas; 3 garis trajangan; 4 kang dipara papat. II (prasakawan k. ak): (tangga desa-) kang ngupêngi; di-[x]-ake: disêksèkake lsp. marang tangga (desa) kang ngupêngi. III kn. ak: pangiring, batur; kc. parêpat, panakawan.
prapèn: kn. wadhah gêni (luwêng) ing pandhe (kêmasan).
prapiton: sa-[x] kn. 1/7.
prapta: (S) kw. têkan, tutug, têka.
prapti: br. prapta.

prartana: (S) kw. ak. panjaluk, pangarêp-arêp, kasaguhan.
prasa: n. praos k. êngg. pc. pangrasa.
prasaan: êngg. pc. pangrasa, rumangsa.
prasabên: kn. ak. 1 kandha marang, pamit; 2 pawarta marang; di-[x]: dikandhani ing sadurunge (têka lsp); di-[x]-ake: dikandhakake marang, dipamitake; kc. pêrsabên.
prasada: I (S) kw. candhi, gêdhong, kêdhaton. II (S) kw. ak: sih, kawêlasan.
prasadu: kn. ak. prasabên.
prasaja: kn. pasaja.
prasama, prasami: kw. padha.
prasanakan: kn. 1 sanak; 2 pc. kawanuhan, têpungan; 3 saduluran, sanakan.
prasandha: I kn. ak. pratandha. II kw: saguh, mupakat, cocog.
prasangan: sa-[x] kn. 1/9.
prasapa: kw. supata, sumpah nêdya ora nglakoni (nindakake).
prasasat: êngg. pc. kaya dene; kc. sasat.
prasasya: (S) kw. bêcik bangêt.
prasasta: (S) kw. layang lsp. kêkancingan (piagêm).
prasatya: kw. ak. prasêtya.
prase: kn. ak. (mangsa [x]) mangsa akèh buron alas (ent. akèh durjana).
prasêtya: kn. saguh bakal sêtya tuhu.
prasida: (S) kw. kêlakon dadi, sida.
prasmèn: pc. pasêmèn.
prasu: êngg. pc. palsu.
(prasudi): di-[x] kn. ak. diudi kalawan têmên-têmên; kc. pêrsudi.
prasupta: (S) kw. turu.
prasuti: (S) kw. dhawuh, pakon.
prasobatan: êngg. pc. mêmitran.
prasoda: kw. kc. prasada.
prastarana: (S) kw. kasur.
prastawa: kw. waspada, waskitha; diprastawakake kw: diwaspadakake.
prastha: (S) kw. gêgêr, githok.
prata: (S) kw. kaluwihan, kamisuwuran.
pratala: kw. bumi, lêmah; kc. patala.
pratama: (S) kw. kang kapisan (-kawitan), kang bêcik dhewe, linuwih.
pratandha: kn. 1 têngêran, ciri; 2 mracihnani, nêrangake yèn; 3 (layang [x]) layang katêrangan (bab utang lsp); kc. tandha.
pratangga: (S) kw. srêngenge.
pratanggakara: (-pati) kw. srêngenge.
pratapa: (S) kw. ak. sorot, kaluhuran.
pratapan: kn. ak. papan kang dianggo tapa.
pratela: kn. ak. awèh wêruh marang; dipratelani ak: dikandhani, diwèhi wêruh; dipratelakake ak: disêbutake.
pratelan: kn. cathêtan katerangan, daptar.

pratêlon: n. pratigan k. 1 (sa-)[18] 1/3; 2 (dalan [x]) dalan simpangan têlu.
pratignya: kw. prasêtya, saguh bakal nglakoni (nindakake).
pratihata, pratiyata: kw. ora gingsir (sêntosa, sêkti).
pratik: pc. praktik.
pratikêl: kn. 1 sarana dêdalaning pamarsudi (pangudi); 2 reka caraning nindakake; 3 pirêmbug, pituduh (rekaning tumindak); 4 ak. pakumpulaning para warganing pangadilan; dhêndha [x] ak: dhêndha marga ora sowan ing pangadilan; di-[x] ak: dipriksa prakarane, diadili; di-[x]-i ak: disranani murih bisa kêlakon kang disêdya; di-[x]-ake: diwènèhi pratikêl, dituduhake reka-rekane.
pratima: (S) kw. 1 rêca; 2 golèk.
pratinggi: êngg. kn. lurah desa.
pratingkah: kn. 1 solah tingkah; 2 saradan; kc. tingkah.
pratingkês: kw. prigêl, pintêr.
pratipa: kw. 1 mrêngkang, ndaga; 2 prahara.
pratisara: (S) kw. 1 tali, tampar; 2 diplomah, kêkancingan.
pratistha: (S) kw. 1 dêdunung, manggon; 2 linggih.
pratita: (S) kw. misuwur, kaloka.
pratitis: kn. ak. patitis.
pratiwa: kw. pangarêping prajurit, senapati.
pratiwanda: kw. pakewuh, bêbaya, alangan.
pratiwi: kw. bumi, lêmah.
pratuwin: kw. lan uga; kc. tuwin.
(pratok): di-[x]-i êngg. diêntèni.
pratyaksa: (S) kw. têrang, katon cêtha, pramana.
pratyangga: (S) kw. 1 badan; 2 gêgaman.
pratyeka: (S) kw. wijang-wijangan.
pracados: êngg. k. pracaya.
pracaya: n. pitados k. 1 pitaya marang; 2 pangandêl, iman; 3 ngandêl marang; kc. pitaya.
pracalita: kw. gêlap, thathit.
pracandha: (S) kw. prahara, angin gêdhe.
pracara: (S) kw. laku ala, urakan.
(praceka): di-[x] kw. diathik-athik, dianggit-anggit (digawe-gawe); pracekan kw: pangathik-athik, anggitan.
pracere, pracore: kw. wong asor (urakan).
pracihna: kw: pratandha, katêrangan.
pracik: kala [x] kn. kala kang digawe bobat.
pracima: (S) kw. kulon.
pracoda: kw. cêmêthi.
(pracondhang): di-[x] kw. 1 dikênani, ditatoni; 2 dikalahake.
--- 512 ---
prathola ~ prêmpul.
prathola: kêndhi [x] kn. ak. kêndhi mawa rêrênggan.
prawa: wayang [x] êngg. wayang purwa.
prawaha: (S) kw. ak. banjir, rob.

prawan: kn. 1 bocah wadon kang wis mangsane omah-omah; 2 durung omah-omah (tmr. bocah wadon); 3 êngg. batur wadon (kang durung omah-omah); [x] gêndhor pc: prawan wis lungse; [x] kêncur (-sunthi): prawan cilik (kang durung nggarap-banyu).
prawantu: êngg. kn. ing sarèhne; kc. wantu.
prawara: kw. prajurit. (prawasa): di-[x] kw. 1 ditêmpuh, ditrajang; 2 êngg. disiyasat, sipilara.
prawata: kw. gunung.
prawatan: kn. pasimpênan; kc. rawat.
prawatya: kw. bêgja, bêrkah.
(praweda): di-[x](-ni) kw. dipindêng, dièsthi.
prawedyarini: kw. dhukun bayi.
prawira: kw. kêndêl.
prawita: I kw. wiwitan, jalaran. II kw: mêguru; kc. purohita.
prèbiyèt: pc. karcis lêngganan (ing sêpur lsp).
(prèjèng): di-[x](-i) kn. 1 dipêcèli diwangun pêsagi (tmr. kayu dêlêgan); 2 ent. diwangun kang prayoga; [x]-an: 1 kayu kang diprèjèngi; 2 ak. wanguning pawakan (praèn).
prèèn: pc. liburan; kc. prèi.
prègès: pc. êntèk godhonge (marga dipangan ulêr lsp).
pregol: pating [x] pc. padha megal-megol.
pregolan: kn. omah ing regol.
prèh: êngg. kn. ar. wit bngs. wringin.
prèhpun: êngg. k. ak. kapriye.
prèi: I (W) pc. 1 libur, lèrèn ora sêkolah (nyambut gawe lsp); 2 ora dikênakake ukuman (dhêndha, dhuwit, lsp); 3 lêlahanan.
preyalan: kn. tukang ngijoli dhuwit wutuh.
prekal-prekol: êngg. kn. padha bengkong.
prèk-prèkan: êngg. pc. tansah gunêman bae.
prema: (S) kw. sih kawêlasan, pangeman; di-[x] êngg: dieman, dipirma.
preman: (W) kn. 1 êngg. ora diwajibake nindakake (pakaryan desa lsp); 2 êngg. wis mari dhinês (tmr. saradhadhu, upas lsp); 3 êngg. ak. partikêlir, dudu amtênar nêgara; 4 dudu sadhiyan wong akèh, mung dianggo dhewe (tmr. kreta, montor lsp); 5 kuli bayaran (ing patêbon lsp).
premi: (W) kn. ganjaran, pangêbang.
(prene): sa-[x] n. sapriki k. tumêka saiki; diprènèkake n. dipunprikèkakên k: diparakake mrene.
prentah: kn. 1 pangrèh; 2 (dhawuh ki) pakon, akon; 3 ([x] desa) êngg. warganing pangrèh desa; di-[x]: 1 dirèh, dikuwasani; 2 ent. di-[x]-i) kn. didhawuh(-i) ki: dikon, dikon nindakake.
(prèntèk): di-[x]-i pc. katut kobong lsp; kc. mrèntèk.
prèngas-prèngès, pating prèngès: pc. tansah padha nyênyêngès.
prèngêtan: êngg. pc. pangeling-eling, cathêtan; kc. èngêt.
prenggok: pating [x] pc. padha menggak-menggok.
(prèpèd): di-[x] kn. ak. diplèpèd.

prèpun: êngg. k. ak. kapriye.
près: (W) kn. piranti dianggo mlèpèd (ngênêtake), pipitan; di-[x]: dinêtake (nganggo mêsin lsp).
presa: pc. priksa.
prèt: mak [x] pc. pêpindhan swaraning slomprèt lsp.
preta: (S) kw. 1 roh, jiwa; 2 mêmêdi, dhêmit.
prèt-prètan: kn. solah tingkahe kênès bangêt.
prècèh: êngg. kn. rèmbès (matane).
prècèl: di-[x]-i pc. dipêcèli cilik-cilik.
(prècèt): I di-[x] pc. diplècèt. II êngg. kn: kayu amba.
prèthèl: pc. prithil, prothol; kc. mrèthèli.
prethot: pating [x] pc. padha bengkok pating bêngkêluk.
prewangan: kn. dhukun kang kapanjingan ing lêlêmbut; kc. rewang.
prewe: êngg. kapriye.
prêbêl: mak [x] pc. sanalika mili mêtu (luhe, gêtihe).
prêbêng-prêbêng: kn. abang raine arêp nangis (dening kêpranan lsp).
prêdêng-prêdêng: kn. krasa kêncêng wêtênge (arêp bêbanyu lsp); kc. mrêdêng, prodong.
(prêjit): di-[x]-[x] pc. diperang-perang, dibagi-bagi.
prêgêdèl: kn. cacahan iwak, ar. lawuh.
prêgog: êngg. kn. bngs. slendhang dianggo kudhung (makêna).
(prêgok): di-[x]-i êngg. kn. diprangguli; kc. kêprêgok.
prêk: mak [x] pc. sanalika rêmuk (tiba).
prêkara: pc. prakara.
prêkis: êngg. kn. cilik bêcik.
prêkul: êngg. kn. wadung cilik.
prêkutut: kn. ak. ar. manuk; kc. pêrkutut.
prêkoto: pc. prahoto.
prêl: mak [x] pc. sanalika pêcah, gêmpil lsp.
prêlu: kn. ak. pêrlu.
prêm: kw. turu.
prêmana: pc. pramana.
prêmati: kn. bêcik panyimpêne (panjagane); kc. pramati.
prêmbayun: ki. susu.
prêmbe: pc. 1 warung (barang rosokan); 2 papan dianggo adol candu pêtêng.
prêmbèh-prêmbèh, prêmbèhan: kn. katon kaya arêp nangis (tmr. bocah cilik).
prêmbik-prêmbik: pc. mbribiki.
prêmpêng: (ut. prêmpang-prêmpêng) kn: sanalika abang raine (ut. krasa panas, dening nêpsu); di-[x] ak: disrêmpêng.
prêmpul: pating [x] kn. 1 pating plêmbung (tmr. wêtuning banyu saka ing tuk); 2 pating plênthung.
--- 513 ---
prênah ~ (princi).
prênah: kn. ak. dunung, ênggon; kc. pêrnah.
prênding: pating [x] pc. wis mèh padha pêdhot (tali lsp); kc. mrênding.

prênjak: kn. ar. manuk cilik.
prênès: kn. ak. kc. pêrnès.
prêntul: pating [x] pc. saèm. pating prêmpul.
prênda: pating [x] kn. ora dadi saênggon; di-[x](-[x]): digolong-golong mêncar (ora nunggal saênggon).
prêncu: pating [x] pc. padha mawa pêncu.
prênthêl: pating [x] kn. saèm. pating clêkênthung (tmr. rambut); kc. mrênthêl.
prênthêng: pating [x] pc. padha abuh pating pêthênthêng.
prênthil: pating [x] kn. padha bundêr cilik-cilik; kc. pênthil.
prênthul, prênthol: pating [x] pc. saèm. pating prênthil nanging luwih gêdhe; kc. pênthul, pênthol.
(prêp): di-[x] kw. 1 diantêm, digêbug, digitik; ditêmpuh ing prang; kc. pêrêp.
prêpat: pc. batur, pangiring; kc. parêpat, prapat.
(prêpêk): di-[x]-i kw. dicêdhaki, diparani; [x]-an kn. dina ngarêpake karamean (lumrahe ngarêpake lêbaran); kc. mrêpêk.
prêpêt: mak [x] kn. 1 sanalika pêtêng (suda padhange marga mêndhung); 2 (ut. [x]-[x]) sanalika pêtêng pandêlênge.
prêpotan: êngg. kn. palapuran.
prês: mak [x] pc. sanalika pêcah rêmuk lsp; kc. pêrês.
prêsah, prêsak: pc. ngêrês, pêra.
prêsan: kn. puhan; kc. pêrês.
prêsèn: pc. pêrsèn.
prêsidhèn: kn. pangarsaning pakumpulan (pangadilan lsp).
prêsis: pc. trêp, sarwa tata.
prêt: mak [x] pc. pêpindhan swaraning lambe didhèmêsake banjur disêbul (marga ewa, ora sudi lsp); di-[x]-i: ut. diprèti pc: sirèmèhake, [19] ora diandêl (dipaido).
prêtana: (S) kw. barisan, prajurit.
prêtèk, prêtok: pating [x] pc. padha nywara pêtok-pêtok (pitik).
(prêtêk): di-[x] kn. ak. dipêtêkake.
prêtu: (S) kw. ak. apyun, madat.
prêcèt: mak [x] pc. sanalika lunga tanpa pamit.
prêcêt: mak [x] pc. sanalika mêtu (lair).
prêcil: kn. kodhok cilik.
prêtana: (S) kw. ak. lajuran, barisan, larikan.
priangga, pribadi: kw. 1 dhewe; 2 ijèn.
(pribu): di-[x] kw: ditêmpuh, disêrang.
pribe, pribèn: êngg. kapriye.
pribumi: kn. (wong [x]) wong asal ing tanah kono.
prige, prigèn: êngg. kapriye.
prigêl: kn. 1 cukat sarta trampil; 2 rigên, pintêr; [x]-e êngg: bok mênawa, ayake.
prigi: kn. 1 êngg. saèm. tanggul kang digawe watu tumpukan; 2 ak. bêlik, sêndhang, tuk.
prigis: kn. êntèk godhonge (marga dipangan ulêr lsp).

prih: I pc. pêrih. II kn: ar. wit bngs. wringin.
prihambak, prihawak: kw. dhewe, ijèn.
prihatin: n. prihatos k. susah ut. sêdhih marga ngrasakake kasèkèngane, lêlakone lsp; di-[x]-i ak. di-[x]-ake: 1 disusahake; 2 prihatin mungguh ing.
prihpun: êngg. k. ak. kapriye.
priya: (S) kw. (wong-) lanang.
priyagung: kn. ak. priyayi gêdhe.
priyayi: n. priyantun k. 1 wong kang ngrênggêp pangkat (ing kraton); 2 wong kang isih darahing ratu; 3 ak. sêsêbutane saliring para gêdhe (ut. ratu).
priyambada: (S) kw. têmbang pangungrum (pangarih-arih); di-[x] kw: dingungrum.
priyantun: k. 1 priyayi; 2 pc. panyêbut marang wong kang arêp têtuku lsp. (tmr. wong dodolan).
priyang-priyang: kn. krasa panas ut. gêrah (tmr. badan).
priyangga: kw. 1 dhewe; 2 ijèn.
priyarana: (S) kw. prajurit.
priyat: êngg. k. rampung.
priyawakya: (S) kw. ak. têmbung pangasih-asih.
priyawiyoga: (S) kw. ak. pisah karo kang tinrêsnan, sêdhih.
priyawiraha: (S) kw. ak. sêdhih.
priye: pc. kapriye.
priyêmbada: kw. kc. priyambada.
priyuk: êngg. kn. bngs. teko ut. kan (nanging kêna dianggo nggêgodhog); kc. kriyuk.
priyoga: n. priyogi k. pc. prayoga.
priyos: I êngg. k. mrica. II dipun-[x] êngg: dipriksa.
prika: sa-[x] k. saprana; dipunprikakakên k: dipranakake.
prikanca: kn. ak. kanca tunggal pagawean.
priki: sa-[x] k. saprene; dipunprikèkakên k: diprènèkake.
priksa: 1 kn. ndêlêng lan nyatitèkake (tumindaking pakaryan lsp); 2 ki. wêruh; di-[x]: didêlêng lan disatitèkake; dipriksani ki: diwêruhi, didêlêng, ditonton; dipriksakake: 1 kn. dikon nitipriksa; 2 ki. diwêruhake.
pril: mak [x] pc. sanalika gêmpil.
priman: ut. pêpriman êngg. ak. ngêmis (lumrahe tmr. santri); di-[x]-i ak: diêmisi.
primbêtan: êngg. k. primbon.
primbon: kn. layang kang ngêmot petungan, pêthèk lsp.
prime, primèn: êngg. kapriye.
primpên: kn. disimpên (didhêlikake) kalawan prêmati.
(primpi): diprimpèni kn. dikètoki lêlêmbut (wong sing mati lsp) ing sajroning pangimpèn.
prindang-prinding: kn. krasa adhêm kêkês; kc. mrinding.
printis: pating [x] kn. padha mlênthing cilik-cilik; kc. mrintis.

(princi): di-[x](-[x]) kn. 1 dietung kalawan dipilah-pilah, 2 diperang-perang, diwijang-wijang; pêprincèn: wêwijangan.
--- 514 ---
pring ~ prosès-pêrbal.
pring: n. dêling k. ar. wit dêlêge digawe dandanan warna-warna, dene arane; [x] pêtung (-ori, apus, wulung, lsp).
pringas-pringis, pating pringis: pc. tansah ngatokake untune (marga lara lsp); kc. mringis.
pringêtan: êngg. pc. pangeling-eling, cathêtan.
pringga: kw. bêbaya, pakewuh; nganglang [x] pr. tansah ngawekani yèn ana pakewuhe; dipringgakake ak: 1 (ut. dipringgani) dikawekani, dijaga ut. diprayitnani; 2 (-bêcik) dipirmakake murih bêcike.
pringgitan: kn. omah antarane pêndhapa karo omah gêdhe; kc. paringgitan.
pringkêlan: kn. ak. petungan bab apêsing titah ing dina; kc. ringkêl.
pringkil: sa-[x] kn. saglintiran cilik, sablindhi; kc. mringkil.
(pringkus): di-[x]-ake kn. dicilikake (diciyutake) tmr. ragangan, dhadha lsp; kc. mringkus.
pripean: kn. ipene sêdulur.
pripih: kn. kc. paripih.
pripitan: kn. plipidan; kc. mripit.
pripun: êngg. k. kapriye.
pris: (W) kn. ganjaran (ing lotre, lsp).
prit: pc. êmprit.
priti: (S) kw. 1 bungah, sênêng; 2 rukun, mitra.
prituwin: kw. lan uga; kc. tuwin.
prithil: kn. pêthil gogrog; di-[x]-i: dipêthili, disêmpali cilik-cilik.
priwe, priwèn: êngg. kapriye.
(prugul): di-[x] kw. dirodapêksa; kc. prunggul.
prugus: kn. êntèk godhonge (tmr. sukêt lsp).
pruk: mak [x] pc. pêpindhan swaraning ngêpruk lsp.
prukah: êngg. kn. rowa bangêt (tmr. duwe gawe).
prumpung: kn. ak. plumpung.
prunan: kn. ak. kaponakan.
prundhan: êngg. kn. 1 ak. giliran rundha; 2 gêrdhu, patrolan.
pruntahan: êngg. kn. kranjang uwuh.
pruntus: pating [x] kn. pating prêntul (plênthing) cilik-cilik.
(pruncah): di-[x] êngg. kn. diprêjit-prêjit, ditugêl-tugêl.
prunthêl: pating [x] pc. padha pating kluwêr (tmr. rambut lsp).
prung: mak [x] pc. sanalika padha lunga kabèh.
prunggu: I kn. campuraning têmbaga karo sing (lumrahe digawe gamêlan). II tata [x] kn. ak: unggah-ungguh panganggoning basa (ut. aksara murda).
(prunggul): di-[x] kn. 1 dipunggêl, dikêthok; 2 dipêdhot (disêlani) tmr. wong gunêman; 3 dipêksa.
(prungu): diprungoni pc. dikabari, dirungoni.
prungon: kn. ak. pangrungu; kc. rungu, kêprungon.

prungsang: kn. krasa panas (tmr. badan).
(prupuh): di-[x] kn. ak. dikêthok (tmr. wit lsp).
(pruput): di-[x] êngg. kn. ditêkani (digarap lsp) wayah esuk bangêt; kc. mruput.
pruputan: êngg. kn. carukan.
prus: mak [x] pc. sanalika pêcah.
(prusa): di-[x] kn. dipêksa, dijiyat, dipiyagah.
prusah: pc. aras-arasên.
prusan: kn. pêksan, piyagahan; kc. prusa.
prusi: kn. têtaining kuningan ut. têmbaga; di-[x]: ditambani lsp. nganggo prusi.
pruslin: kn. bngs. bêling (digawe piring lsp).
(prusuh): di-[x](-i) êngg. kn. ditutu; kc. mrusuh, tlusuh.
(prutah): di-[x] êngg. kn. diprêjit-prêjit, diperang-perang; [x]-an êngg: bagean, perangan.
(prucah): di-[x] êngg. kn. diprutah.
prucah-prucèh: pc. rucah, ora aji.
prucat-prucut: pc. tansah mrucut; kc. kêprucut, mrutut.[20]
prucul: kn. tanpa sungu.
pruthul: kn. ilang pucuke.
pruwa: êngg. ak. kuna; kc. purwa.
pruwita: kw. mêguru; kc. purohita.
(probol): di-[x]-ake êngg. dibrojolake, diprojolake.
prodong-prodong: pc. 1 ngêtog kamêmpêngan, nyrêmpêng; 2 êngg. lunga karo nangis sênggruk-sênggruk.
(projol): di-[x]-ake pc. diwêtokake saka ing bolongan; kc. mrojol, brojol.
progèl: pating [x] pc. pating krogèl (padha mogèl).
progoh: sa-[x] kn. padha karo dawaning tangan dirogohake.
(progol): di-[x](-i) pc. dipronggol.
progos: pc. prugus.
prok: mak [x] pc. 1 pêpindhaning barang tiba pêcah lsp; 2 katêranganing linggih (sila lsp).
prol: I mak [x] pc. sanalika cêpol, gêmpal. II kn: ar. panganan (bngs. roti).
prombèng: kn. bakul barang-barang sing wis kanggo; di-[x]-ake pc: diêdol marang prombèngan; [x]-an: bêbakulan barang sing wis kanggo.
promosi: (W) pc. munggah pangkat.
promotor: (W) pc. kang ada-ada.
prompang: pating [x] pc. padha ompong (tmr. jungkat, untu).
prondhan: êngg. kn. prundhan.
(prono): dipronokake n. dipunprikakakên k: digawa (diênêrake mrono).
(pronggol): di-[x](-i) kn. dipunggêli (dikêthoki) pucuke (tmr. têtuwuhan). .

prongkal, prongkol: sa-[x] kn. sacuwilan (gêmpalan lêmah lsp) gêdhe; kc. mrongkol.
prop: kn. 1 (topi [x]) topi gabus; 2 gabus (tutup gêndul).
propagandha: (W) kn. nyêbar panêmu (bab pulitik lsp) supaya kang padha ngrungokake gêlêm mèlu; dipropagandhakake: ditular-tularake (disêbar) tmr. panêmu (pulitik lsp).
propesor: (W) kn. maha-guru (guru ing pamulangan luhur).
pros: êngg. k. prasa.
(prosa): di-[x] kn. alk. diprusa.
prosès-pêrbal: (W) kn. cathêtan katranganing prakara.
--- 515 ---
prot ~ raja-kaputran.
prot: mak [x] pc. mak cêprot.
protèn: kn. panggonan gawe roti.
protès: (W) kn. nglairake rasa ora lêga ora lila.
protèstan: (W) kn. ar. sêmpalaning agama Kristên.
protong-protong: êngg. kn. 1 mlaku sênggoyoran (gêmbèlèngan); 2 lunga karo nangis; kc. prodong.
procot: êngg. ks. lair; kc. kêprocot, mrocot.
prothol: kn. saèm. pruthul.
pwa: kw. ak. lah, ta, rak, jêr.
pwangkulun, pwakulun: kw. ak. pukulun.
pwakênira: kw. ak. kowe; kc. pakênira.
pwasa: kw. pasa; kc. puwasa, pasa.
1. ditandhingi.
2. palèlèr.
3. sêntana.
4. gugon-tuhon.
5. Huruf Jawa: pangkon.
6. Huruf Jawa: nga, pasangan da, wulu.
7. kalêbokake.
8. setra.
9. Huruf Jawa: pengkal.
10. Huruf Jawa: pepet.
11. pêrang.
12. sèng.
13. dislèwèngake.
14. pungkasan.
15. kn.
16. ditêtêpake.
17. rêmbug.
18. (sa-[x]).
19. dirèmèhake.
20. mrucut.

R

ra: I êngg. ora; kc. rak. II êngg: bingung, kisruh, ora jênjêm.

(raba): di-[x]-([x]) êngg. kn digrayang, digêgrayangi.
rabah-rabah: pc grabah; uga kc. robah-robah.
(rabas): ng-[x] êngg. kn maprasi (ngrampasi) têtuwuhan.
(rabasa): di-[x] kw dirusak, dirêbut kanthi pêksa.
rabat: (W) kn cowokan, sudan tmr. dêdagangan.
(rabda): ng-[x] kw ndadi, mundhak-mundhak; kc. rêbda, rêda.
(rabèk, rabèt, rabit): kn kc. robak-rabèk.
rabi: kn 1 (garwa ki) êngg. somah, bojo (wadon); 2 (a-[x]) krama ki. nglakoni jêjodhoan tmr. lanang; ng-[x], ngrabèni: (nggarwa ki) ngêpèk bojo; ngrabèkake (ngramakake ki): ngomah-omahake (njodhokake) tmr. lanang; rabèn: dhêmên (kêrêp) rabi.
Rabingulawal, Rabingulakir: (A) kn ar. sasi kang katêlu lan kapat.
rabuk: kn 1 jasad-jasad sing dianggo nyuburake têtuwuhan, lêmèn; 2 êngg. adhukan (jladrèn) wêdhi karo gamping dianggo nembok; 3 êngg. wur ing têmbako; di-[x](i): 1 dilêmèni, didèkèki rabuk; 2 dicampuri nganggo wur.
Rabu'ssawawati wa'lardi[1] : (A) kn Bêndaraning langit lan bumi.
(rabut): di-[x] êngg. kn dicabut, dibêdhol (jangkar).
rab-rab: kw wrata, mratani.
rad: (W) kn 1 kêklumpukaning wong sing kajibah ngrêmbug ut. awèh pamrayoga; 2 pc. pamrayoga, pirêmbug.
rada: n. radi k sathithik-sathithik kadunungan sipat sing kasêbut ing têmbung candhake, up. [x] gêdhe, [x] umuk; [x]-[x]: 1 sathithik-sathithik rada, manda-manda; 2 pc. rada gêndhêng.
rad-agama: kn pangadilan babagan agama sing dipandhegani pêngulu.
radan: êngg rada.
rada-rudu: êngg. kn rêgêjêgan pêpadon.
radèn: kn sêbutane para darahing ratu.
radèn adipati: kn 1 sêbutane pêpatihdalêm ing Surakarta ut. Ngayogya; 2 [x] arya: sêbutan kaurmatan tmr. bupati Gupêrmenan.
radèn ajêng: kn sêbutane bocah wadon darahing ratu nganti têkan canggah.
radèn ayu: kn 1 sêbutane darahing ratu (radèn ajêng) yèn wis omah-omah; 2 sêbutane garwane bupati Gupêrmenan.
radèn bagus: kn sêbutane bocah lanang darahing ratu wiwit warèng sapangisor sing durung rabi.
radèn bèi: (ngabèi) kn 1 sêbutane abdidalêm kraton ut. pangrèh praja sing asline wis mawa sêsêbutan radèn; 2 êngg. sêbutane priyayi pangkat têngahan.
radèn ngantèn: kn sêbutane wong wadon sing isih darah (wiwit warèng sapangisor).
radèn panji, radèn mas, radèn mas arya: kn sêbutane darahing ratu kang lanang, wiwit canggah munggah.
radèn rara: (lara) kn sêbutane bocah wadon darahing ratu wiwit warèng mêdhun.
radi: k rada.

radin: k rata.
radinan: k ratan (dalan).
rad-indiya: kn rad luhur kang awèh pamrayoga marang Gupêrnur Jendral, sarta ngêmbat ruwêt rêntênging paprentahan.
radite, raditya, radiktya: kw srêngenge.
rad-kawula: kn rad sing minangka dadi wêwakiling kawula mung wênang awèh pamrayoga sarta ngaturake pitakonan.
(radon): ng-[x] êngg. kn ngrêbda.
radosan: kd ratan; kc. radinan.
rad-pêni, rad-pêni indiya: kn rad-indiya jaman kumpêni.
radya: (S) kw krajan.
radyan: kw radèn.
raja: (S) kn 1 ratu; cs 1; 2 kanggo araning gêdhang warna-warna; 3 (sawah [x]) êngg. sawah darbèke wong sadesa; rumaja: kumratu; ng-[x]: 1 ambêk kaya raja; 2 nganggêp raja marang; di-[x]-[x]: dipêpuji kaya dene raja; kc. krajan, rumaja, rinaja.
raja-amal, raja-darbe, raja-duwe: kn barang-barang sing didarbèni.
Rajab: (A) kn. ak sasi Rêjêb.
raja-brana: kn bandha sarta barang-barang sing akèh pangajine.
raja-jamas: êngg. kn. ar. ngèlmu kanggo sarana nêgori kayu gêdhe.
rajag: kn trocoh akèh bangêt; [x]-an: trocohan.
rajah: I kn 1 gêgambaran ut. tulisan ing dluwang lsp. dianggo jimat; 2 corèk gêgalêran ing èpèk-èpèk. II (S) kw: pêpenginaning ati, hawa-nafsu.
rajah-tamah: (S) kw pêpenginan sarta kamurkaning ati.
raja-kaya: kn kewan ingon-ingon sing ngêtokake kaya (jaran, sapi, kêbo).
raja-kaputran, raja-kaputrèn: kn sandhangan lan rêrênggan pangantèn (lanang, wadon).
--- 516 ---
rajamal ~ rahaswa.
rajamal: kn kc. raja-amal.
raja-muka: kn ar. petungan dianggo mbincili bêgja cilakaning lêlakon (maling lsp).
rajaniti: (S) kw 1 pangadilan; 2 babagan pangrèh praja.
(rajang): ng-[x] kn 1 ngirisi tipis-tipis up. ng-[x] têmbako lsp; 2 êngg. nggarisi (mluku, ngalèni lsp) malang; [x]-an: 1 apa-apa sing dirajang; 2 êngg. kalenan malang.
raja-manganggo: br panganggone ratu.
raja-pati: n. raja-pêjah k prakara pêpati marga kêrêngan lsp.
rajapatni: kw pramèswari.
raja-pèni: kn barang-barang sing pèni-pèni.
raja-pundhut: kn ladèn barang-barang saka wong cilik marang nêgara (ratu).
raja-putra: br anaking ratu (pangeran, pangeran adipati).
raja-putri: br putrining ratu.
raja-singa: kn ar. lêlara bngs. bêngang.

raja-siwi: kw anaking ratu.
raja-sunu: kw anaking ratu.
rajaswata: (S) kw 1 waktu kang prayoga; 2 wis nggarap-banyu, wis mangsane omah-omah (akil balig); 3 anaking ratu.
rajata: (S) kw salaka.
rajatadi: kw raja-pèni.
raja-tatu: kn prakara tatu kang marga kêkêrêngan lsp.
rajaweda: kw kurban slamêting ratu murih raharjaning nêgara.
rajawêrdi: kn ar. jasad rupane sêmu biru (dianggo dhasaring êmbanan intên lsp).
raja-wisuna: (pisuna) kn prakara sing ndadèkake padudon.
(rajèh): kn kc. rojah-rajèh.
rajèng: br 1 wc. raja ing; 2 (sang [x]) raja.
rajêg: I kn pagêr kang digawe kayu, turus lsp; ng-[x]-i: magêri nganggo rajêg. II kn: ar. ulêsing jaran (sêmu kuning sikile papat pisan irêng).
rajêg-wêsi: kn pagêr kang digawe wêsi.
rajin: êngg. kn srêgêp, nècis; ka-[x]-an: kasrêgêpan, kagunan tangan.
(rajug): ng-[x] êngg. kn kagèt bangêt.
rajun: kn ar. têtuwuhan.
rajungan: kn bngs. kêpithing.
rajut: kn nam-naman bolah (kênur lsp) wangune kaya jala; [x] kawat: rangrangan kawat (sêtrimin).
rajwa: kw krajan.
rajya: (S) kw krajan.
radhikal: (W) kn owah-owahan kaanan kang kalawan mbabar-pisani.
radhio: kn tilpun (tilgram lsp) tanpa kawat.
raèn: ut. rêraèn kn lumah kang perangan ngarêp (ndhuwur); pa-[x] (an) (praenan): wanguning rai, polatan; kc. rai.
raga: I êngg. kn bngs. kranjang; [x]-[x]: pêprênthêlan sing digawe bênang mas (salaka). II kw: awak, badan wadhag; anor [x] br: andhap asor, ngêsorake awak; ora [x] br: ora mèmpêr, ora wujud; ngrêraga br: macak, mêmacak awak; di-[x]-[x] br: diandêl (dipracaya) nganti kaya awake dhewe. III (S) kw: sih, katrêsnan, brangta.
ragab: êngg. kn bungah.
ragad: pc wragad.
ragah: kw agahan, grangsangan.
raga-ini: kn ar. kêmbang.
raga-karana: (S) kw nêngsêmake, njalari sih (trêsna).
ragan-ragan: kw kèwês sarta kênès; kc. wiraga.
(ragang): I rumagang, mragang kn tumandang nyambut gawe bêbarêngan. II [x]-an kn: balungan, awak-awak (tmr. layangan, omah lsp).
raga-rago: êngg. kn gojag-gajêg, ragu-ragu.
ragas: ut. [x]-an kn ragangan balunganing (ula, kodhok lsp); kari [x]-an: mlarat bangêt; kc. règès.
(raga-sukma): ng-[x] kn nguwalake sukma saka bêbandaning badan.

raga-wanda: kw sabuk.
ragèn: kn ar. têtuwuhan.
ragêm: êngg. kn 1 cocog, mupakat; 2 sênêng; kc. ragum.
ragi: I pc. k rada. II kn: glêpung bêras dicampuri kayu lêgi karo bumbu liyane dianggo olah apêm, jladrèn lsp; diragèni: dicampuri ragi. III kn: parudan krambil dibumboni lan digangsa.
ragi-bali: kn ar. bathikan.
ragil: pc wragil.
ragu: I (W) kn ar. olah-olahan sing diolah iwak ut. daging. II [x]-[x] êngg. pc: gojag-gajêg, mangu-mangu.
ragulo: kn ar. têtuwuhan lan wohe; kc. rêgulu, argulo.
ragum: I êngg. kn tali duk; ng-[x]: nalèni pring ing êmpyak katata rapêt (rêngkêd); êmpyak [x]-an: êmpyak sing pringe katalenan rêngkêd. II kn: cocog; di-[x]: digunêm, dicatur; 2 diramtam, dirancang; [x]-an: 1 rêmbugan, caturan; 2 rancangan, rantaman.
rago-rago: êngg. kn ragu-ragu, gojag-gajêg.
rag-rag: kw rug-rag.
ragrag: êngg. kn gagrag; [x] anyar: gagrag anyar.
rag-rêg: pc kêrêp orêg (oyag); kc. rêg.
rah: I k gêtih. II pc: wc. lurah. III di-[x] kn: diarah.
rahab: I kn 1 nanggapi (nyêkêl, nggrayang lsp) kalawan nelakake sudine (têgêle); 2 sudi, têgêl, ora ewa; ng-[x]-i: nanduki (nanggapi) dhayoh, pasuguh lsp. kalawan sênêng. II kw: tutup; di-[x]-i: ditutupi.
rahadèn, rahadyan: br radèn.
rahayu: n. rahajêng k slamêt, bêgja, luput ing kacilakan ut. kasangsaran.
raham, rahim: (A) kn kc. rahman.
raharja: kw rahayu, rêja.
rahasya: (S) kw wadi, winadi, gaib.
rahaswa: kw kc. rahasya.
--- 517 ---
rahat ~ rambang.
rahat: kw 1 sikara, tiwas, rusak, kêna ing; 2 migunani; ka-[x]-an: kêtiwasan, kêtaton.
rahman, rahim: (A) kn: ambêk wêlas asih (tmr. Allah).
rahmat: (A) kn sih kawêlasan; ng-[x]-i: ngolèhake rahmat.
rahmatullah: (A) kn: sih kawêlasaning Allah; mulih ing [x]: mati.
rahu: kn ar. wit.
rahu-rahu: kw têngguk.
rahuru: kn dahuru, gegeran.
rahsa: I ut. rahsya, rahswa kw wadi, winadi, gaib; kc. rahasya. II kw: 1 wijining wong lanang; 2 rasa; kc. rasa.
rai: kn 1 (pasuryan ki) peranganing êndhas sing ngarêp; 2 peranganing apa-apa sing ngarêp; 3 sasisih ing lêmbaraning dluwang; 4 lumahing banyu lsp; [x] asu (dhingklik, gêdhèk, trumpah) pc: ora idhêp isin; diraèni: didèkèki raèn; kc. raèn, praèn.
raina: n. raintên k wayah awan; kc. rina.

raya: I ut. [x]-[x]. kn tumandang ing gawe (bêbarêngan); kc. kêraya-raya. II kw: gêdhe.
Rayagung: êngg. kn sasi Bêsar (sasi kang karolas).
(rayah): njarah [x] kn: ngrêrêbut; di-[x]: dirêbut, dirêbut (dijupuk) bêbarêngan wong akèh; [x]-an: rêbutan.
rayang: kn ar. ulêr.
(rayang-rayung, rayang-royong): di-[x] êngg digotong royong (ditandangi wong akèh).
rayap: kn bngs. sêmut gêdhe rupane putih yèn wis manglar dadi laron ut. sulung; ng-[x], [x]-an: tumandang ing gawe bêbarêngan (kaya rayap).
rayat: (A) kn 1 brayat, batih; 2 êngg. pc. k. bojo (rabi); 3 (ut. rakyat) kawula, wong cilik; di-[x](i): diingoni, dicukupi sakabutuhane; (re)[x]-an: bêbrayatan, gêndhon rukon sêsomahan.
rayat-jêlata: (M) kn kawulaning nêgara sing mlarat tuwin uripe gumantung ing liyan.
rayi: ki (êngg. k) adhi.
(rayud): ng-[x] kn 1 mbrayut, nalèni dadi siji; 2 nggubêd, mulêt; 3 ndhaku, ngêkaki[2] darbèking liyan; pang-[x] br: pandhaku marang darbèking liyan; [x]-an: 1 apa-apa sing dirayut; 2 têtuwuhan sing nggubêd (rumambat).
(rayuk): di-[x] pc dirauk, dirayud, dijupuk tanpa nêmbung.
rayung: I kn bngs. alang-alang cilik; [x]-[x]: katon cilik mêrit-mêrit tmr. driji; ng-[x]-([x]): 1 katon kaya rayung; 2 cilik-cilik mêrit tmr. driji. II (W) kn: laladan sakubênging bètèng.
rayungan: kn kêthokan têbu sing ditandur; kc. rayung I.
rak: I kn erak, èrêk (tmr. swara, gorokan). II êngg. pc: ora. III kn: pancèn mula; up. [x] iya ta ! [x] bêcik ngono ! IV kn: planggrangan kanggo ngêtus piring lsp.
raka: ki kakang.
rakangat: (A) kn ndhungkluk lan ngambung lêmah (ing nalikane) sêmbahyang.
(rakasa): kc rêkasa.
rakatha: kw yuyu.
rake, raki: êngg kowe.
rakèt: (W) kn tampelan ing main bal tampèl.
rakêt: kn 1 cêdhak bangêt, mèpèt bangêt; 2 ([x]-rukun) bêcik bangêt tmr. mêmitran lsp; rumakêt: 1 rakêt ing; 2 sumanak, supêkêt; ng-[x]-i: nyêdhaki kalawan rakêt; ng-[x]-ake: 1 nyêdhaki karo; 2 ngrukunake; kc. krakêt.
rakêtan: ki tapêl (tamba wêtêng).
rakit: kn 1 wis rampung (sudhiya); 2 (sa-[x]) sapasang, sajodho (tmr. suwêng, jaran, sapi); 3 tatanan, pranatan; ng-[x]: 1 nata, nyadhiyakake; 2 masang, ngêtrap; 3 mranata; ng-[x]-ake: masang jaran lsp; [x]-an: 1 pêpasangan tmr.jaran, sapi lsp; 2 êngg. pasangan (angkul-angkul ing gulu sapi); 3 tatanan bab pamasanging omah lsp.
rakitan: (g) êngg. pc sênadyan; wc. ora ketang.

rakyan, rakyana: kw radèn (sêsêbutaning patih lsp).
rakmi: kw batin, watak.
(rakud): ng-[x] êngg. pc 1 ngrayuk, ngrauk; 2 adhêm njêkut.
(rakup): ng-[x] kn ngukup banjur digêgêm.
rakus: êngg. kn 1 mangani, dhêmén mangan; 2 cluthak, nggragas.
rakryan: kw radèn (sêbutan).
(raksa): ng-[x] (S) kw njaga, ngrêksa; kc. rêksa.
raksaka: (S) kw pangrêksa, panjaga.
raksasa: (S) kw buta.
raksasi: (S) kw buta wadon.
rakta, rêkta: (S) kw abang.
rakwa: kw rêko.
ram: I êngg. kn rèncèk-rèncèk kayu sing dianggo bêndungan. II (W) êngg. pc: 1 jêndhela; 2 wêngkuning pangilon lsp.
rama: 1 ki. bapa; 2 êngg. kn. bapa, bapak.
ramak: êngg. kn. pc bapak.
ramal: (A) kn ngèlmu pêthèk (wêwêcan); di-[x]-i: dipêthèk, diwêca.
ramat: I kn 1 sêrating godhong, woh lsp; 2 klamat. II pc: rahmat.
rambah: kn ambal, ping up. [x] ping lima; [x]-[x]: ambal-ambalan, kêrêp bangêt; ng-[x]-i: ngambali manèh, mindhoni; 2 ngrambali nggaru sawah ngarêpake dadi lalahan; [x]-an: 1 ambalan, up. têlung [x]-an; 3 pindhon (sing wis dirambani).[3]
rambak: kn 1 lapisane wlulang sapi(kêbo) sing digawe krècèk (krupuk); 2 oyoding witwitan sing ora nunjêm ing lêmah (ana sing katon ing jaba).
ramban: ut. rêramban kn 1 golèk gêgodhongan dianggo kêlan ut. dianggo pakan wêdhus lsp; 2 êngg. golèk bedhangan; [x]-an: gêgodhongan sing kêna dipangan ut. kêna dianggo pakan kewan.
(rambana): ng-[x] kw nyrêmpêng, ngêtog karosan.
rambang: I kn tangkaran sing panangkare
--- 518 ---
padha karo tinangkar, up. 4 x 4 x 4 = 43 (papat rambang têlu). II ng-[x] kn: 1 nyèlèhake apa-apa (wadhah lsp) ing banyu ut. ing dhasare didokoki banyu (supaya ora dirubung sêmut); nyèlèhake kayu (wiji pari lsp) ing banyu supaya kuwat; 4 ngumbah mata sarana diêkum ing banyu (ut. ing tamba); kc. krambang. III ng-[x] kn: ngênam pênjalin ing palinggihan kursi lsp.
rambas ~ rampung.
rambas: kn tambas, ngêmbês mbrabas.
rambat: kn 1 têtuwuhan sing tumèmplèk mulêt ing wit lsp; 2 pc. tansah mrèntèk-mrèntèk; rumambat br. ma-[x] (mrambat): tumèmplèk banjur nggrêmêt munggah; ng-[x]-i: 1 mrambat ing; 2 nular mrèmèn ing (tmr. gêni); [x]-an: 1 (ut. rêrambatan) mrambat ing; 2 lanjaran, apa-apa sing dianggo mrambat; 3 apa-apa sing kêna dianggo lantaran nggayuh sing luwih dhuwur.
rambêh: kw mili.
(rambêt): ng-[x] êngg. kn matun.

rambit: ut. [x]-[x] êngg. kn têtuwuhan mawa êri.
(rambyang): ng-[x] êngg. kn lunga mrana-mrana, mikir sing ora-ora; kc. klambrang.
(rambu): ng-[x], ngrêrambu êngg. kn nglari barang-barang sing ilang, golèk sisik-mêlik; kc. rambon.
rambut: kn. rema ki saèm. wulu dawa kang thukul ing êndhas (ing woh jagung lsp); sa-[x]: sathithik (cilik) bangêt; sa-[x] pinara pitu: alus (lêmbut) bangêt; sa-[x] pinara sèwu: sathithik bangêt; rumambut: wiwit kênthêl tmr. jladrèn gula, glali lsp; ng-[x]-i: padha bênthèt nggalêr-nggalêr tmr. bala-pêcah.
rambutan: kn ar. wit sarta wohe.
rambon: I kn (sapi [x]) sapi turunane banthèng karo sapi lumrah. II kn: wangèn, ar. têmbako sing alus lan sêdhêp.
rame: kn nywara sêru, gumêdêr, akèh wonge; [x]-[x]: 1 gumêdêr; 2 kasukan bungah-bungah; ngramèni: njalari rame; ngramèkake: 1 njalari rame; 2 mèlu-mèlu supaya muwuhi rame; ka-[x]-an: tontonan lsp. kang rame; pa-[x]-an: papan kanggo kêklumpukan ut. kanggo sukan-sukan.
ramean: êngg. pc 1 karamean; 2 ora kalawan têmên-têmên; kc. rame.
ramêh: kw rêgêd.
Ramêlan: kn sasi kang kasanga (Pasa).
ramèn: êngg. kn gumêdêr rame-rame; [x]-[x]: kalawan rame bangêt; kc. rame.
ramês: I kn dicampur dadi siji, up. sêga [x] (sêga karo jangan sarta lawuh); tukang [x] êngg: bakul sêga salawuhane; ng-[x]: ngrampêd, mangan apa-apa. II ng-[x]-i êngg: ngêrti têmênan marang têgêsing têmbung lsp. III ng-[x] kw: ngrusak, nglêbur.
rami: kn ar. têtuwuhan sing kulite kêna dianggo tali.
ramya: (S) kw 1 endah, asri, nêngsêmake; 2 rame; 3 wêngi.
(ramping): [x]-[x], rumamping kn rêmêng-rêmêng, ora katon cêtha marga kalingan ing pêdhut lsp.
(ramu): di-[x], dirêramu kn diglandhang kanthi pêksa, dijarah kagawa lunga, dijilat diajak laku ala; diramosi: dirujak, diprakosa, dipilarani; kc. ramon.
ramud: êngg. kn rampung.
(ramuh): di-[x]-i kn dipotha-potha, dirujag.
(ramut): ng-[x](i) êngg. kn ngopèni, ngrumati; [x]-an êngg: tutut, cumbu (tmr. manuk lsp).
ramon: kn 1 bêbantên, wong kang dikaniaya; 2 kayu lsp. sing dianggo cêkêlan ing nalikane nglangi supaya ora klêlêp.
(rampa): ng-[x], ngrêrampa kn ndhabyang ut. ngotong-otong wong sêmaput lsp.
(rampad): ng-[x] kn nata lêlawuhan ing piring lsp; [x]-an: piring kang wis tinatanan ing lêlawuhan.
rampag: êngg. kn rampak.

rampak: kn 1 papak, kabèh padha (ora ana sing moncol); 2 babag sarta racak; di-[x]: 1 (ut. di-[x]-ake) digawe supaya rampak; 2 êngg. dirajang,[4] diêlêbi (tmr. banjir).
rampaka: kw kc. rumpaka.
rampal: kn copot sarta sêmpal tmr. wang, untu, pang lsp; di-[x]-i: diêmpali[5] pang lsp.
rampang: êngg. kn kayu palang ing antarane bum cikar.
rampas: I kn poèl (ganti untu) tmr. jaran. II ng-[x] kn: 1 nutuhi (nêgori) têtuwuhan, ngrapak (mapak) apa-apa sing moncol ut. mbrênjul; 2 êngg. mêthiki godhong têmbako sing wêkasan; [x]-an êngg. godhong têmbako sing wêkasan pamêthike. III ng-[x] kn: 1 ngrêbut kanthi pêksa; 2 mbêslah.
rampe: kn pasuguh (panganan lsp); rêrampèn: ngêtokake pasuguh; kc. uba rampe.
rampèk: I kn caraning kampuhan tmr. prajurit nyutra. II [x]-[x], ng-[x] kn: nyanak-nyanak golèk atining liyan (sabakdane padudon ut. pasulayan).
rampès: êngg. kn rampung; ora di-[x] êngg: ora dirèwès.
(rampêd): di-[x] kn 1 dicacah; 2 digêbyah, digribig, kabèh dikatutake ora ana sing ditampik (diliwati).
(rampês): ng-[x] kw ngrajang.
rampêt: êngg. kn tampar (dianggo salangan).
rampid: kn mèpèt bangêt; ng-[x]: 1 êngg. natab prau (nganggo prau liya); 2 nyêrang, nêmpuh mungsuh, ngêpung bètèng.
ramping: kn 1 wêwangunan cilik dawa nanging sarwa alus lan bêcik tmr. pawakan, tangan lsp; 2 rata alus ora ana sing mbrênjul; 3 alus sarta bêcik tmr. ukara, karangan lsp; 4 (rêrampinging ngèlmu) lêlungidan, rêrawitan; ng-[x]-ake: ngalusake, mbêcikake karangan lsp.
rampung: kn wis dadi (tmr. garapan, pagawean), wis êntèk (tmr. tandang-tanduk, prakara lsp); di-[x]-i: 1 (ut. di-[x]-ake) digarap nganti rampung; 2 br. dipatèni; 3 diputusi tmr. prakara; ka-[x]-an: putusaning prakara.
--- 519 ---
(rampo) ~ (rancang).
(rampo): ng-[x] êngg. kn wiwit sêmi tmr. wit sing ngarang.
rampog: êngg. kn kècu; di-[x]: 1 dikrocok ing gêgaman bêbarêngan wong akèh; 2 dikècu, disêrang bêbarêngan nêdya njarah-rayah; [x]-an: 1 (ut. pa-[x]-an) wayang kang minangka pêpêthan lakuning prajurit; 2 tontonan ngrampog macan.
ran: wc aran.
rana: I êngg. pc mrana; [x]-[x]: mrana-mrana. II kn. wc: wrana (slintru). III (S) kw: pêrang, paprangan.
ranangga, rananggana: kw pêrang, paprangan.
(ranap): ng-[x]-i êngg. kn ngalami, wis tau nglakoni.
(randêng): ng-[x] êngg. kn nglandêng.
ranjam: I ut. ranjang kn paturon. II di-[x] (A) kn: dibênturi watu.

ranjang: kn paturon; kuwih [x]: ar. panganan dianggo slamêtan bangsa Cina.
(ranjap): di-[x] kn dipurak, dipothèng-pothèng tmr. burukan, kewan lsp.
(ranji): di-[x] êngg. kn diwènèhi pancèn pagawean ing sadina-dinane; ranjèn êngg: pagawean ing kalurahan kang kudu ditindakake ing wong desa; ranjène, ranjine êngg: pancène.
(ranjing): di-[x] êngg. pc dianjingake dianggo nyoba tmr. balungan omah lsp; ke-[x]-an: kêpanjingan ing setan.
ranju: êngg. kn borang.
randha: kn 1 wong wadon sing tininggal ing lakine sarta wis duwe anak; 2 (ut. randhan) ora ana bojone (wis ora ganêp), up. cangkir [x], lèpèk [x], kêris [x].
randha-drêngis: kn ar. pari.
randha-kèli: kn ar. bathikan lan ar. panganan.
randha-kisi, randha-kuwat, randha-luke, randha-caluk: êngg. kn randha sing duwe anak lanang dadi wênang mèlu ndarbèni sawah ing desa sarta nyangga pagawean padesan.
randha-kuning: êngg. kn sawah sing sangar (sapa nanduri mati).
randha-maya: (-sêmaya) kn ar. lurik.
randha-mênggala, randha-nunut: kn ar. gêndhing.
randha-royal: kn ar. panganan.
randhat: kn 1 rêndhêt, ora bantêr tmr. laku lsp; 2 kêrindhikên tmr. lakuning jam.
randha-tanggung: kn randha sing isih nom.
randhi: kn 1 ar. bakal rupane abang kêkêmbangan; 2 mênjangan ulêse tutul.
(randhing): di-[x] êngg. pc diranjing; kc. ranjing.
randhu: kn ar. wit sing wohe ngêtokake kapuk; [x]-alas: bngs. randhu sing wite bisa gêdhe; [x]-kuning: bngs. randhu kayune kuning kêna digawe sarungan kêris; [x]-kentir" ar. gêndhing.
randya: kw randhu.
ranèh: êngg. pc ora manèh (wis êntèk, ora ana manèh).
ranu: kw 1 tlaga; 2 banyu.
(ranuh): ng-[x]-i kw nyêdhihake, njalari kangên.
(ranta): ng-[x], ngrantan kn sêdhih marga tansah kèlingan apa-apa sing nyêdhihake ati; ka-[x]-([x]), karantan-([x]): tansah kadunungan rasa sêdhih; kc. rantan.
rantab: ut. [x]-[x] êngg. kn 1 warata ana ing êndi-êndi; 2 rèntèp, katon lêlarikan akèh bangêt; ng-[x]-i: gogrog ngênani tmr. barang-barang sing lêmbut (awu, lêmah lsp); kc. rantap.
(rantak): ma-[x] (mrantak), [x]-[x] êngg. kn wiwit katon manèh, mlêthèk tmr. srêngenge.
(rantam): ng-[x] kn 1 ngrancang apa-apa sing arêp linakonan; 2 ngrancang wragad ut. wêtuning dhuwit; 3 êngg. nggagas-nggagas nêdya mialani liyan, maeka lsp; [x]-an: 1 rancangan; 2 rancangan bab wêtuning dhuwit lsp.

rantan: kw udhar; ng-[x] êngg. kn: nguculi (ngudhari) bêbondhotan lsp; ka-[x] br: diudhari.
rantang: I êngg. kn bngs. kranjang (tenggok) wadhah wowohan; ng-[x]: 1 nganam; 2 ngrantam (prakara sing ala). II êngg. kn: ompong, panci rèntèng.
(rantap): [x]-[x] kn tarap, rèntèp.
rantas: kn 1 mèh pêdhot tmr. tampar, driji lsp; 2 êngg. pêdhot tmr. tali, tampar; kc. prantas.
rante: kn gêlangan wêsi lsp. rêrèntèngan dianggo nalèni, ngêgèrèd[6] lsp; di-[x]: 1 ditalèni nganggo rante; 2 diblênggu; pa-[x]-an: wong ukuman.
rantèng: kn bngs. wit arèn.
(rantêb): panèn [x]-an êngg. kn panèn kang wêkasan bakda mangsa rêndhêng.
rantên: kw adhi.
ranti: kn ar. woh cilik-cilik; [x] gandhèl, [x] bali: ar. bngs. ranti; suwe mijêt wohing [x] pr: gampang bangêt.
(ranting): kc rontang-ranting.
(rantun): ng-[x] kn 1 (ut. mrantun) lèrèn, mondhag-mandhêg mampir; 2 tansah tut-buri sarta ngawasake lakuning liyan, nginthil; [x]-an: 1 (ut. pa-[x]-an) palerenan; 2 wong sing dikinthil (diawasake).
(rancab): ng-[x] kn nglandhêpake, ngasah; 2 ngrangsang, nêmpuh bètèng lsp.
rancag: I kn gancang, gancar, enggal rampung; di-[x](-ake): dienggalake, digancangake supaya enggal rampung; [x]-an: 1 enggal-enggalan supaya gêlis rampung; 2 cêkakan tmr. kandha lsp. II êngg. kn: pincang tmr. jaran.
rancah: I alas [x] êngg alas jêjêmbêgan ing pinggir pasisir; nggaga (sawur) [x]: nandur pari sarana nyawurake gabah (dadi tanpa didhedhêr). II ng-[x]-i êngg. kn nggaru sawah sing kawitan.
rancak: I êngg rèncèk kayu, tugêlan kayu; ng-[x]: ngêthoki kayu cilik-cilik. II kn: (sa-[x]) saprangkat tmr. gamêlan; [x]-an: planggrangan sanggan bonang (kêthuk, kênong).
(rancaka): rumancaka, ng-[x] kw sêdhih, njalari susah; kc. rêncaka.
rancana: I ng-[x] kw nata, nganggit, ngarang; kc. rêncana. II kw: bêncana, godha, panggodha; ng-[x]: nggodha, nusahahe ati, maeka; kc. bêncana, rêncana.
(rancang): ng-[x] kn 1 nggathuk-nggathukake [nggathuk-nggathuk...]
--- 520 ---
[...ake] sarta nata rèngrèngan, cêngkorongan lsp; 2 ngrantam, mikir-mikir apa kang bakal linakonan (ginambar-gambar ing sajroning angên-angên); 3 êngg. pc. ngrantam wragad ut. wêtuning dhuwit; [x]-an: 1 êngg. ragangan (balunganing) omah lsp; 2 cêngkorongan kang bakal diêdêgi omah lsp; 4 êngg. pc. rantaman bakal wêtuning dhuwit (wragad); 5 pc. niyat, sêdya.
(rancas) ~ raup.
(rancas): ng-[x]-(i) êngg. kn mancasi, maprasi, mapali (têtuwuhan).

rang: I kn bngs. cacing lêmbut bangêt ut. êndhog cacing tambang sing sok njalari gatêlên ana ing tlapakan; [x]-ên: gatêlên marga kêlêbon rang. II (W) kn: pêpangkatan, undha-usuking pêpangkatan nalika ngabdi nêgara.
rangah: ut. [x]-[x] kn katon lancip-lancip akèh tmr. untu lsp.
rangap: ut. [x]-[x] kn katon padha moncol landhêp-landhêp (lancip-lancip).
rangas: kn bngs. rayap yèn mangan klasa lsp. enggal bangêt.
rangdha: êngg. kn randha.
rangên: kn kc. rang I.
rangga: kn ar. pangkat saèm. asistèn-wadana.
ranggah: kn cêcawangan tmr. sungu mênjangan; kc. branggah.
(ranggèh): ng-[x] kn nggêjojorake tangane arêp nyênyêkêl (nggayuh).
ranggèn: êngg. k ranggon.
ranggi: êngg. k rangga.
ranggitan: kn ar. têtuwuhan.
ranggon: kn saèm. gubug cagake dhuwur (kaya panggungan) kanggo njaga kewan ut. kanggo palerenan ing alas; ng-[x]: 1 (ut. ng-[x]-i) manggon, manggon ing; 2 wis manjing angèl tamban-tambanane, kêpatuh, wis nyakot.
rangin: I 1 kw tamèng, dhadhap; bêksa [x] kn: njogèd wong papat padha nggawa tamèng; 2 (gandhos [x]) kn. ar. panganan. II ng-[x], ngrêrangin kn: lirih sarta alon kapenak dirungokake tmr. swaraning gamêlan; ka-[x] br: kanginan, kêna ing angin.
rangka: pc wrangka.
rangkab: êngg. kn krakab, thothor.
rangkad: kn lunga karo dhêmênane; di-[x]-ake: digawa lunga; kc. krangkad.
rangkah: kn 1 pagêr kang digawe êri tuwin sangkrah; 2 pagêr watêsing nêgara; di-[x]-i: dipagêri nganggo rangkah.
rangkang: I kn awak-awaking kreta lsp. sing ngisor, glindhingan lan sangganing mriyêm. II rumangkang, mrangkang kn: mbrangkang (dhadhane kangsrah lêmah); ke-[x]-[x]: 1 mbrangkang kanthi rêkasa bangêt; 2 direwangi rêkasa bangêt, kêraya-raya. III kw: bangsal, omah.
rangkangan: êngg. kn ragangan.
(rangke): sa-[x] kn sarakit, saprangkat; di-[x] êngg. kn: ditata digathuk-gathukake tmr. ragangan, balungan omah lsp; kc. rangkèn.
rangkèn: kn 1 uba-rampening lêlawuhan, sajèn lsp; 2 (ut. rêrangkèn) wis gandhèng ora kêna pisah, wis pupul dadi siji; 3 êngg. êmpyak; kc. rangke, rangki.
(rangkèl): ng-[x] êngg. kn ngranggèh, nggayuh.
(rangkèt): di-[x] êngg. kn dipala, digêbugi, disapu.
rangkêp: kn 1 ora lamba, dhobêl; 2 ([x] têlu, [x] papat lsp) têlung (patang) lêmbar ut. lapis didadèkake siji; 3 isih nganggo sarana liya (nganggo aji lsp); 4 (budi [x]) kanthi pangati-ati, prayitna; di-[x]: 1 rong lêmbar didadèkake siji; 2 ditindakake bêbarêngan; di-[x]-i:

didokoki rangkêpan; diwuwuhi siji êngkas supaya dadi rangkêp; [x]-an: 1 apa-apa sing dianggo ngrangkêpi; 2 (klambi [x]) klambi ing jêro; 3 wong sing mèlu dêdunung ing pakarangan.
rangki: êngg. kn rangke.
(rangkud): di-[x]-(i) kn dikukudi nuli digawa lunga.
(rangkul): ng-[x] kn 1 tangane nyikêp gulu; 2 nyikêp apa-apa (tangane kagathukake cathok gawèl); 3 nyanak, mbêciki; (re)[x]-an, rangkul-rinangkul: padha dene ngrangkul; kc. prangkul.
rangkulu: êngg. kn karang-ulu (bantal).
(rangkung): [x]-[x], ng-[x] kn pawakan lêncir cilik.
(rangkus): ng-[x] kn nyêkêli barang loro (kêndhali lsp) nganggo tangan siji, nlikung, nalèni sikil (tangan).
rangkok: kn ar. manuk cucuke gêdhe; [x]-an: 1 cêkêlan lamêng sing wangune kaya cucuk rangkok; 2 (kêthèk [x]-an) pc. kêthèk bangkokan (tuwa).
(rangu): [x]-[x] kn gojag-gajêg, mandhêg tumolih; ngrêrangu: 1 tansah ngeling-eling marang; 2 tansah tut-buri, ngrantun; kc. kapirangu.
rangutan: kn (orang utan) ar. kewan bngs. kêthèk gêdhe.
rangram: êngg. kn rèncèk-rèncèk kayu lsp; kc. ram, aram.
rangrang: (ut. ngangrang, karangrang) kn bngs. sêmut gêdhe rupane abang (manggon ing wit-witan).
rangrangan: ut. ngangrangan kn trancangan, bakal (cita) sing sumrawang ora kêrêp panênune.
rangsang: kn ar. têmbang têngahan; ng-[x]: 1 ngranggèh, nggayuh apa-apa sing dhuwur; 2 mènèk bètèng lsp. sumêdya nêmpuh, nyêrang bètèng lsp.
rangsèhan: êngg. pc srasèhan, rêmbugan.
(rangsêg): ng-[x] kw ngangsêg, nêmpuh, nyêrang.
rangsêl: (W) kn tas gendhongan wadhah pangan lsp.
rangsir: (W) kn langsir (nata sêpur).
rangsum: (W) kn 1 pangan (ingon marang saradhadhu, wong ukuman lsp); 2 pc. rantang, omprong; tukang [x]: wong sing nyadhiyakake rangsum (êngg. wong dodolan ing patêgalan lsp); sawah [x] êngg: sawah sing ditanduri têbu; di-[x]: diingoni, diwènèhi rangsum.
(rauk): di-[x] kn dijupuk sarana dikukup.
raup: I (sa-[x]) kn kèhe padha karo isining
--- 521 ---
tangan loro didhèmpètake sarta dicêkodhongake; up. bêras sa-[x]. II kn. suryan ki: ngrêsiki (ngumbah) rai; [x] gêtih br: raine gubras gêtih; [x]-[x] br: jumurung; ng-[x] pada (-suku) br: nyungkêmi sikil, ujung; di-[x]-i: 1 dirêsiki raine; pa-[x]-an: 1 wadhah banyu piranti dianggo raup; 2 (pasuryan ki) rai, praèn.
rauru ~ rata.
rauru: kn dauru; kc. rahuru.
(raut): di-[x]-i êngg. kn diongoti.
raos: I k rasa. II pisang [x] êngg. k: gêdhang raja.

rapah: kn gêgodhongan tuwin pang-pang rêrèncèkan sing padha mblasah ing lêmah; kc. sarah, ropoh.
rapak: I kn godhong têbu sing wis garing; kc. krapak. II (A) kn: 1 njaluk marang pangulu supaya dipêgatake karo bojone (lakine) jalaran sing lanang ora nuhoni janji Dalêm (ora ngomahi, ora ngayani lsp); 2 êngg. ijab dhewe marang pangulu (tanpa wali).
rapal: (A) kn lapal.
rapèh: êngg. kn rampung; kc. rapih.
rapèk: kn pc. rampèk.
rapèl: (W) kn 1 ngundang (nglumpukake) prajurit sarana têngara tambur; 2 layang ginawe ngelingake.
rapèn: kn sukêt garing, sukêt lsp. sisaning raja-kaya.
rapêt: kn 1 tumutup dhipêt tmr. mata, tumutup ora rênggang (nggronggong lsp); 2 pc. bèrès, sah tmr. utang; 4 br. ora kawêdhar wadine; 5 br. ora ana sing ringkih tmr. barisan; di-[x]-i: 1 ditutupi rapêt; 2 pc. dibèrèsake, diêsahi utange; ng-[x]-ake ing arênggang pr: nêpungake wong sing maune sulaya.
rapi: (h) (M) êngg. kn bêcik panggarape.
rapih: êngg. kn 1 wis mari nusu, wis mari (lara, nakal lsp); 2 rampung; 3 wis lilih (mari nêpsu), wis eling (mari sêmaput).
rapu: kn lêjar, lilih, aring; ng-[x], ngrêrapu: nglipur, nglêrêmake wong nêpsu, nglêlêjar ati; ngraponi êngg: ngopèni, ngênêng-ênêngi.
rapuh: I kw kêsêl, sayah, angluh; jamu(parêm) [x]-an: jamu (parêm) kanggo tamba kêsêl. II êngg. kn: bênthèt.
rapoh: kw rapuh.
rapwan: kw awit, mênawa, yèn.
rara: kw prawan; kc. lara.
rarab: kw runtuh, tiba: di-[x]-i: ditibani, dirantabi.
rarabi: kw udan ing wayah sore.
rarah: ut. [x]-an êngg larahan, uwuh.
raras: I kw: laras. II di-[x]-([x]) kw: digagas-gagas.
raras karasikan: kw kanikmataning ulah lambang sari.
raras kawibawan: kw kanikmatan lan kamulyan.
raras rum: kw endah bangêt.
rare: êngg bocah; kc. lare.
rarêm: kw sarèh, lilih, lêjar.
rari: (Ra-ari) kw adhi.
raryan, rarywan: kw lèrèn.
rarywa: kw lare (bocah).
rasa: I n. raos k 1 kaananing apa-apa ing nalika ditamakake ing ilat, up. [x] pêdhês, pait, gêtir lsp; 2 kaananing apa-apa nalika tumama ing badan ut. ati, up. [x] kêri, [x] susah lsp; 3 pathining têgês (ing ngèlmu batin lsp); 4 ([x]-ne) sêmune, kaya-kaya, up. [x]-ne kaya arêp têka: [x]-[x]: kaya-kaya mêsthi; ng-[x]: ngênyami (nanggapi) rasa, kadunungan rasa; sa-[x]: tunggal rasa, cocog (laras) bangêt; kc. rumasa, rumangsa, krasa, krasan, pangrasa. II n. raos k: gunêm, uni (surasaning layang); bawa [x], gunêm [x]: rêrêmbugan, srasèhan; ngrasani: 1 nggunêm

marang; 2 nyatur; (rê) rasan: gunêman ngrasani, rêrêmbugan arêp nindakakake apa-apa. III n. raos k: (banyu [x]) ar. barang cuwèr rupane saèm. luluhan timbêl dianggo ndhasari pangilon lsp. IV (ut. rahasya, rahsya, rahsa) kw: gaib, wadi; ngèlmu [x]: kawruh sing mahyakake prakara sing sinamar.
rasamala: kn 1 ar. wit; 2 bngs. mênyan (blêndoking wit kang kasêbut).
rasamulya: kn ar. aji.
rasana: (S) kw ilat.
rasa-pangrasa: n. raos-pangraos k sakèhing rasaning ati, pangrêti.
rasa-rumangsa: n. raos-rumaos k rasa sing tinampa ing ati.
rasa-risi: kn kadunungan rasaning ati sing ora nyênêngake up. rumangsa didakwa lsp.
rasatala: (S) kw dhasaring bumi, bumi.
rase: kn ar. kewan nusoni sing ngêtokake dhèdhès.
(rasèh): di [x]-ake kn disêmantakake, dipintokake.
rasêksa, rasêksi: kw buta lanang (wadon); kc. raksasa, raksasi.
rasika: (S) kw 1 pênuh ing rasa, nikmat; 2 marêm, bungah; 3 sacumbana; karasikan: kanikmatan.
rasmi: kw kc. rêsmi.
(rasuk): rumasuk, mrasuk kn 1 mlêbu, manjing; 2 wis mbalung-sungsum, mandi tmr. tamba; ng-[x] 1 (ng-[x] busana) br. nganggo sandhangan; 2 br. manjing ing agama, up. ng-[x] agama Buda; 3 pc. ngrabèni anak kuwalon (anak pèk-pèkan).
rasukan: k klambi.
rasul: (A) kn utusan; Gusti (Kangjêng Nabi) [x]: K.N. Muchammad; ng-[x]-ake: slamêtan rasulan; [x]-an: slamêtan katur K.N. Muchammad.
rusulullah: (A) kn utusaning Allah (K.N. Muchammad).
raswa: I kw rasa. II kw: rahsa.
raswadi: kn ar. têtêngêr ing tulis (P).
rat: I (S) kw jagat; [x] Jawa: tanah Jawa. II êngg. kn: êntèk; kc. rad.
rata: I n. radin k 1 papak kabèh, ora ana sing mêndhukul (mbrênjul); 2 mratah, ingêndi-êndi ana, wis sumêbar ana
--- 522 ---
ingêndi-êndi; 3 kabèh wis kêduman (komanan); 4 tata têntrêm tmr. nêgara; di-[x]: digawe supaya rata, dirampak (dipadhakake): diratakakake: dijèrèng supaya rata, diêdum nganti rata, disêbarake (diundhangake) tmr. ulêman, kabar lsp; kc. ratan, wrata. II (S) kw: kreta.
(ratah) ~ rawon.
(ratah): ma-[x], mratah kn rata ing ngêndi-êndi, sumêbar ing ngêndi-êndi.
ratak: êngg. kn karêbèn.
ratan: n. radinan k dalan gêdhe.
ratangga: (S) kw rodha, kreta.
ratap: I êngg. kn rantap. II êngg. pc: pasambat.
ratêng: êngg. kn matêng, di-[x]-i: diolah (dibumboni) tmr. lêlawuhan; (re) [x]-an: olah-olahan sing wis diratêngi (mung kari mangan bae).

rati: kw rêmbulan.
ratib: kn pujian (pêthikan saka koran lsp); [x]-an: padha pêpujian (têtêmbangan ngalêmbana ut. nyênyuwun marang Allah).
ratih: kw rêmbulan.
ratna: (S) kw intên; kc. rêtna.
ratu: kn 1 raja; 2 pangarêp tmr. dolanan; Kangjêng [x]: 1 sêbutan pramèswari ratu; 2 sêbutan putraning ratu putri sing pambarêp (ut. sing miyos saka garwa padmi); Kangjêng [x] agêng: sêsêbutaning pramèswarining ratu sing wis randha; [x] alit (anggèr): sêbutan putraning ratu sing putri sarta pambarêp sawise krama; [x]-[x]-ning ...: kang pinunjul dhewe; ng-[x]: nganggêp ratu, ngèdhêp marang; rinatu-ratu br: dipêpundhi kaya ratu; ngratoni: jumênêng ratu ing, ngêrèh; karaton (kraton): 1 dalêming ratu, kadhaton; 2 karerehaning ratu; kc. raton, kumratu.
ratuh: kw latuh, lêtuh.
ratum: êngg. kn trubusan têbu.
ratus: kn campuraning mênyan, kayu cêndhana lsp. dianggo dêdupa ut. ngukup jarit amrih wangi; di-[x]: diukup (dikutugi) nganggo ratus.
raton: kn 1 ar. dolanan bocah; 2 (ut. rêraton) gêgrombolan tmr. manuk lsp.
ratri: (S) kw bêngi.
ratya: br ratu, karatyan br kraton.
racah: êngg. kn jêmbêg, êmbêg, rancah, rècèh.
racah-ricih: êngg.kn katêrangan-katêrangan tmr. prakara sing dilari.
racak: I kn kabèh mèh padha; [x]-[x]: 1 kabèh kêcakan ing banyu; 2 (ut. [x]-e) sing lumrah, sing akèh-akèh; di-[x]: digawe padha. II kn: racêk: nggêgalak [x] pr: nênangi wong sing duwe sêdya ala.
racana: kw kc. rancana.
racêk: kn bngs. krêmi ing wêtêng (ut. ing mata); [x]-ên: nandhang lara marga kadunungan ing racêk.
racik: kn bumbu ut. adon-adon jamu lsp. sing wis dikumpulake miturut ukurane; tukang [x] êngg: crakèn (wong dodol adon-adon jamu); ng-[x]: 1 ngadoni jamu lsp. miturut apa sing dadi ukurane; 2 nata lêlawuhan lsp; 3 ngrancang, ngrantam; 4 njêjaluk nganggo ngarani warna-warna; [x]-an: apa-apa sing wis diracik.
racikan: êngg. ki driji.
racuk: kn tracuk, cacadan.
racun: kn upas, wisa (asal saka têtuwuhan); di-[x]: dipatèni sarana racun.
racut: kn 1 suwak; 2 rucat, ucul saka gêgandhèngane; di-[x]: 1 disuwak, diudhari, diuculi, dirucat; 2 didadèkake siji, diringkês.
rawa: kn palêmahan lêdhok kang dikêndhong ing banyu, tlaga cilik.
rawan: (ut. erawan, irawan) kn ar. wit kayune digawe gambang.
rawasa: kw kc. rabasa.
rawat: I kn ngrumat, nyimpên; [x] duka (pikir) br: tansah nandhang susah (nêpsu); [x] luh br: kêmbêng-kêmbêng arêp nangis; [x]-wadi: simpên wadi (nyidhêm aja nganti kawêdhar); di-[x](i): disinggahake,

disimpên, dirumati; [x]-an: simpênan (sing dianggo tandhon). II di-[x]-(i) kn: diusapi, disapu, disaponi. III [x]-[x] kw: lamat-lamat; krungu têmbang [x]-[x] pr: krungu kabar angin.
rawe: kn 1 ar. têtuwuhan rambat sing godhonge nggatêli; 2 (pancing [x]) pancing akèh bangêt dijèjèr kacanthèlake ing tali sing dipanthêng; [x]-[x]: krêmbyah-krêmbyah pating srawe tmr. rambut lsp; [x]-[x] rantas, malang-malang putung pr: kabèh sing ngêgol-êgoli sêdyane, disirnakake; ng-[x]: 1 namakake rawe ing (supaya gatêlên); 2 rowa, ngambra-ambra.
rawèh: wc ora awèh.
(rawèk): kn kc. rowak-rawèk.
rawi: I êngg. k rawa. II kw: srêngenge.
(rawik): kn kc. rowak-rawèk.
rawikara: kw (soroting) srêngenge.
(rawing): kn kc. rowang-rawing.
rawis: I kn 1 sulur wringin sing krêmbyah-krêmbyah; 2 wulu jago sing cêndhak-cêndhak ing gulu ut. ing dhuwur pupu, kc. baris; 3 godhong suruh sing isih rada kuncup; 4 ki. brêngos; ng-[x]: katon mawa rawis (krêmbyah-krêmbyah); kinang [x]-an: kinang sing mawa suruh ênom. II di-[x] êngg. kn: dirajang (têmbako lsp); [x]-an: 1 êngg. rajangan; 2 êngg. lading.
rawit: lombok [x] kn lombok jêmprit; ng-[x]: 1 kw. ngrajang; 2 kn. alus, lêmbut-lêmbut tmr. ukiran, rêmit; kc. krawit.
(rawu): kn kc. krawu, rawon.
(rawud): ng-[x] êngg. kn nêkêm sukêt lsp. banjur dijêbol.
rawuh: 1 kw. tiba; 2 ki. têka.
(rawuk): ng-[x] pc ngrauk, nggraut, nggrayang.
rawun: êngg. kn uwuh (gêgodhongan).
(rawod): kc. rawud.
(rawoh): êngg. pc rawuh.
rawon: (sêga) [x] kn sêga kacampur ing jangan (saèm. jangan brongkos).
--- 523 ---
reak-reok ~ rembyong.
reak-reok: pc nyidhuk akèh.
reang: êngg aku, -ku.
(rèb): ng-[x] kw nggêbèl.
(rebang): di-[x](i) êngg. kn direwangi.
rèbèk: êngg. kn jèlèh.
rèbèl: êngg. kn gogrog, rontog; [x]-an êngg: gogrogan (tmr. woh, bêras lsp).
rèbès: êngg. kn rèmbès (tmr. mata).
(rèbèt): di-[x]-ake êngg. kn 1 disisani, diturahake; 2 dilembatake; [x]-an: 1 turahan, sisa; 2 wuwuhan.
rèbêd: êngg. kn ribêd.
rèbyèg: kn kakehan rêngkèd, ribut bangêt.
rèjèg: pc rajag.

rèjèh: êngg. kn jèlèh.
rèjèng: kn padhas ing jurang-jurang.
rejog: êngg. kn bejog, rijug.
(rèdhu): diredhoni êngg. kn dirigoni, diridhoni; kc. ridhu.
(règ): [x]-[x]-an kn kakehan polah, ênjal-ênjalan.
regang: kn nam-naman pring dianggo mepe têmbako; jodhang [x]: jodhang sing digawe pring dianam.
rege: kn bngs. tampah sing digawe nam-naman saka arèn; kc. rigèn.
(règèk): ng-[x] êngg. pc katon kuru pucêt; kc. rogok.
règèl: pc rigol, tiba.
règèng-règèng: kn wis lêkas mari (bisa mlaku-mlaku).
règès: kn 1 ragas, êntèk godhonge tmr. wit; 2 wis padha gripis tmr. pêdhang lsp.
(règu):diregoni kn diridhoni.
regoh: cekoh [x] kn tangan lan sikile wis pêpês (ora bisa nggêglawat lan mlaku).
regol: I kn omah cilik mawa lawang kori dumunung ing gapuraning pomahan (dalême para luhur lan kraton). II êngg. kn: badhut, banyolan.
rèh: kn 1 br. pratingkah; 2 bab panyêkêling praja lsp; 3 prakara, tatanan, pranatan; 4 wêwêngkon kang kabawah ing; 5 mungguhing bab ut. prakara; di-[x]: 1 diprentah sarta dipranata; 2 diwêngkoni, dibawahake; 3 (ut. di-[x]-ake) diprentah, didhawuhi nindakake; kc. angrèh, pangrèh.
rèhdene, rèhne, rèhning: êngg. pc marga saka; kc. sarèhne.
rèhrèhan: kn wêwêngkon, bawah; kc. rèh.
(reyab): [x]-[x] kn ngore rambut krêmbyah-krêmbyah; ng-[x]: rambute diore krêmbyah-krêmbyah.
reyah-reyoh: knb grusa-grusu ora kalawan tata tmr. tumandang ing gawe.
reyak-reyok: I kn wis padha pating sêngkayig tmr. omah lsp. II kn: katêranganing nyênyidhuk sing akèh.
reyal: kn 1 ak. ar. dhuwit saèm. ringgit nanging ajine warna-warna, up. [x] batu (24 wang = f 2), [x] jaran ut. [x] sapi (27 wang = f 2.25), [x] kêbo (28 wang = + f 2.335), [x] pajêg (30 wang = f 2.50), [x] pari (25 wang = f 2.085); pa-[x]-an (preyalan): tukang ngijoli dhuwit wutuh diijoli dhuwit pêcah.
reyan: sa-[x] êngg. kn 5.500 iji (petungan iwak loh sing diingu ing blumbang).
reyang: I êngg aku, -ku. II ut. [x]-[x]-an êngg. kn: rame gumêdêr.
reyang-reyong: kn bola-bali (wira-wiri) digotong; kc. reyong.
(rèyèng): di-[x]-[x] êngg. pc disiya-siya.
reyod: êngg oyag-ayig, ora kukuh.
reyog: kn ar. tontonan bngs. jathilan (padha nunggang jaran kepang).
(reyoh): ng-[x] kn ngêkul, siya-siya.
reyok: I kn wis rusak tmr. omah lsp. II di-[x] kn: dicidhuk nganggo cidhuk sing gêdhe.

reyon: sutra [x] kn sutra palsu.
(reyong): (re-)[x]-an kn mlaku wira-wiri (mrana-mrene) nggawa barang sing abot.
rèk: I mak [x] pc katêranganing nyorèk lsp. II kn: ar. piranti kanggo gawe gêni: [x] jêklèkan (gêrètan): rèk sing mawa lênga bèngsin lan batu. III êngg: thole, bocah.
reka: I kn 1 akal, rêrigên; 2 sarana kanggo nindakake, carane nindakake, pratikêl; 3 êngg. pc. niyat, rancangan; [x]-[x]: 1 duwe reka (akal); 2 ethok-ethok, api-api; ng-[x]: 1 golèk akal (rêrigên, pratikêl); 2 gawe têtiron, mêtha-mêtha; direkani: diakali, diapusi. II (S) kw: tulisan, gambaran, pêpêthan.
reka-daya: kn 1 rêrigên, pratikêl; 2 sarana murih kalêksananing sêdya.
rekal: (A) kn saèm. meja cilik cêndhèk dianggo lambaran maca kor'an.
rekan: kn 1 apa-apa sing direka-reka (diakal-akal); 2 (ut. rerekan) tiron, gawean, up. rerekan garudha; kc. reka.
rekat: pc: rikat.
rèkèp: êngg. kn: sarwa tata lan bêcik (tmr. linggih, mênganggo).
(rèkên): I di-[x] êngg. kn: 1 direka, diakal-akal; 2 ditata; [x]-an êngg: 1 akal-akalan. II di-[x] (W) kn: 1 dietung, dipetung, diwilang; 2 digolongake marang.
rekêning: (W) kn: petungan (dhuwit, bon lsp).
rèm: (W) kn: piranti jêpitan ing rodha kanggo ngêndhêgake; di-[x]: diêndhêgake sarana rèm.
rema: ki: rambut.
remah: k: rumah (romah); [x]-an k: rumahan (romahan).
rematig: (W) kn: lara balung (encok).
(rembak): k: rombak.
remban: êngg. kn: mari, waras.
rèmbèl: kw: 1 nggêbèl; 2 utange [x] pc. utange akèh bangêt.
rèmbès: kn: jèlès, jèlèh.
(rèmbèt): ma-[x] (mrèmbèt) kn; nular, mrambat ing; ng-[x]-i: nulari, njênggar, nular marang; ng-[x]-ake: ngrambatake.
rembyak-rembyak: kn: gumantung sarta kumitir krêmbyah-krêmbyah tmr. rambut, gombyok lsp.
(rembyang): ng-[x] pc: katon rembyak-rembyak.
rembyong: kn: apa-apa sing katon kaya gombyok; [x]-[x]: katon rembyak-rembyak, katon akèh rembyonge; ng-[x]: katon ana rembyonge.
--- 524 ---
rèmèh ~ rèstan.
rèmèh: kn: sapele, tanpa aji; di-[x]-i êngg: diblêdêri; di-[x]-ake: dirèmèhake, diina.
(rèmèn): ma-[x] (mrèmèn) kn: nular, mundhak ngambra-ambra.
(rèmès): ora ng-[x] êngg. pc: ora ngrèwès.
remot: êngg. kn: rusak pating blangkrèh.

rèmpèl: kn: rimpil, sêmpal tmr. rèncèk lsp; ng-[x]-i: nyêmpali pang-pang ut. rèncèk.
rempo: kn: 1 wis jêmpo; 2 ora duwe bagean sawah tmr. wong desa; 3 wong sing mèlu ngrêmbang têbu mung kanggo banjêl (tambahan); kc. rempon.
rèmpoh: êngg. kn: rempo.
rempon: êngg. kn: wis jêmpo sarta ora bisa tumandang ing gawe; kc. rempo.
rèn: pc: êrèn (papan sing akèh êrine).
rena: I kn: nglurug nyambut-gawe (buruh ani-ani lsp) tmr. wong wadon. II kw: biyung.
renda: (Prt) kn: plisir rangrangan, pasêmèn (kanggo minggiri klambi lsp); di-[x]: dipinggiri nganggo renda.
rèndèh: kn: ar. gêndhing.
rèndèng: kn: godhong kacang cina (dianggo pakan raja-kaya).
rèndhèl: kn: urut-urutan akèh bangêt; utange [x] pc: utange akèh bangêt.
rèndhèn: êngg. k: godhong.
(rèndhèt): ng-[x] kn: nyangkol sarta mbarut tmr. êri, bêbondhotan.
(rendhon): (rê-) [x]-(an) kn: rêndhêt, ora gangsar tmr. panggarap.
rene: pc: mrene.
rèni: kw: (bocah, wong) wadon.
rèntèg: pc: padha rontog.
rèntèng: ut. [x]-an kn: apa-apa sing dijèjèr gêgandhèngan (sarana kênur lsp); [x]-[x], rêrèntèngan: 1 jèjèr gêgandhèngan; 2 ora pisah-pisah; ng-[x]-i: nggandhèngi nganti dadi rèntèngan.
rèntèp: kn: tarap, rantap, padha jèjèr-jèjèr akèh bangêt.
rèntès: kn: bisa nyaritakake kalawan urut sarta patitis; di-[x]-ake: diandharake, dijlèntrèhake.
rèntên: (W) kn: anakan, uyahan (ing dhuwit); di-[x]-ake: dianakake (dhuwit).
rèntênir: (W) kn: wong sing nganakake dhuwit.
rento: êngg. kn: nglumpruk tanpa daya, pêpês; kc. reto.
rencang: k: 1 batur; 2 rewang; 3 ari-ari (êmbing-êmbing).
rencang lare: k: rewang bocah (duwe anak).
rèncèk: kn: pang sarta kayu sing cilik-cilik: di-[x]-i: dirèmpèli tmr. carang, pang lsp; [x]-an: 1 kayu pang, carang lsp. dianggo kayu bong; 2 pc. prakara-prakara sing ora prêlu (rèmèh), barang-barang sing cilik-cilik ora ana gunane; kc. rancak, ricik.
rèncèt: kakehan [x] êngg: kakehan pratingkah (wiyaèn, reka).
rencog: kn: pincang marga kêsêl bangêt tmr. kewan.
renyom: êngg. kn: sênêng grundêlan, sênêng omong.
rèng: kn: wilah ut. wilahan kayu sing ditrap ing êmpyak kanggo gondhèlaning gêndhèng ut. sirap.
(rengan): I ng-[x] êngg. kn: ngrintih. II [x]-e êngg. pc: e dadi ngono! (nelakake gumun).

(rèngèd): [x]-[x], ng-[x] kn: 1 mbranyak tmr. pawakan; 2 êngg. gumêdêr, rame-rame.
rèngèl: êngg. pc: pating pêncungul (katon êndhase).
rèngès: êngg. kn: jèjèr-jèjèr rantap.
rènggèh: pc: 1 ranggah; 2 ala atine (panas-tèn, jail).
(renggong): [x]-[x], (rê-)[x]-an kn: sênggoyoran marga kêlêmon (kabotan gawan).
(renggot): [x]-[x], (rê-)[x]-an kn: dhêklak-dhêkluk ngantuk bangêt.
rengkad-rengkod: kn: mengkad-mengkod, megal-megol.
(rengkak): [x]-[x], ng-[x] kn: aras-arasên, sêmplah-sêmplah.
rengkak-rengkok: kn: mengkak-mengkok.
rengkang-rengkong: êngg. kn: padha bengkok, bengkang-bengkong.
rèngkèk-rèngkèk: kn: mlaku gêgêre ndèngkèk (marga lara gêger lsp).
(rèngkèl): ng-[x] êngg. kn: ngèyèl, ngèngkèl.
(rengkol): [x]-[x] pc: engkol-engkol (bengkak-bengkok).
rèngkot: kn: ar. piranti nggêgawa panganan lsp.
rèngrèng: ut. [x]-an kn: tulisan (gambaran, bathikan lsp) sing isih cêngkorongan ut. rancangan; di-[x]: dibathik sasisih tmr. bathikan, dirancang dhisik tmr. layang lsp.
(reok): ng-[x] êngg: nyidhuk akèh, kc., reyok.
repa: kn. ak: aksara cakra lan layar.
rèpèh: kn: 1 rada mayat ut. wrata tmr. pagunungan lsp; 2 gampang disabrangi (diambah) marga rada cêthèk tmr. kali; 3 pasaja, ora kakehan rèwèl.
rèpèk: ut. rêrèpèk êngg. kn: golèk kayu (rèncèk-rèncèk kayu).
repo: kn: 1 jêmpo, wong sing wis ora kanggo gawene; 2 êngg. pc. ora apik, ora kuwat tmr. barang dandanan; kc. rempo.
repoh: êngg. kn: repo.
repot: êngg. kn: 1 rèbyèg, ngrêribêdi; 2 rêkasa, kangelan, kakehan pagawean; 3 kabotan momotan; 4 jêmpo, repo, rempon; rêrepot br. (rê) [x]-an: gawan (wong wadon, wadyabala) sing dumunung saburining baris; ng-[x]-i: njalari repot.
rèrèh: I kn: 1 sarèh, lêrêm; 2 ngaso; kc. lèrèh. II [x]-an êngg. kn: larahan, uwuh; ng-[x]-i êngg: ngrêgêdi; kc. larah, rarah. III [x]-an kn: bawah, wêwêngkon; kc. rèh.
rèrèn: kw: lèrèn.
rès: I kn: gès (pangirisan têtak). II (W) kn: arès, ukuman; di-[x]: diukum; pa-[x]-an: wong ukuman.
rèsèh: êngg. kn: jlèntrèh, tètèh.
residhèn: (W) kn: priyayi Wlanda sing dadi panggêdhening wêwêngkon; [x]-an: 1 (ut. ka-[x]-an) dalême residhèn; 2 (ut. pa-[x]-an) tlatah wêwêngkoning residhèn.
rèstan: (W) kn: tunggakan, turahan.
--- 525 ---
rèstoran ~ rêgèn.
rèstoran: (W) kn: warung panganan (lêsmèn).
reta: pc: kreta.

rete: pc: krete.
rètèp: êngg. kn: rèntèp.
reto: êngg. kn: 1 êntèk kakuwatane margo kêsêl bangêt; 2 wis ora bisa nggêglawat marga jêmpo ut. lara.
rècèh: I êngg. kn: 1 dhuwit pêcah; 2 rucah, kurang bêcik tmr. bathikan. II kn: 1 têlês ajêmèk tmr. jrambah lsp; 2 êngg. jèlèh. III kn: ora amêm (sênêng gunêman).
recon: ks: rucah.
(rewa): [x]-[x] kn: api-api, atindak kaya.
rewah: I êngg. kn: enggal owah. II êngg. kn: ribêd, alangan, repot.
rewan: kn: tontonên, kagum.
rewanda: kw: kêthèk.
rewang: n. rencang k: 1 kanca kanthi, batur; 2 ari-ari; 3 mara pêrlu têtulung wong duwe gawe lsp; [x] bocah: duwe anak cilik; [x] bayi: manak; ng-[x]-i: 1 mitulungi; 2 mèlu ndongakake ut. mêmuji supaya kalêksanan sing disêdya; kc. prewangan.
rewang-rèwèng: pc: ewang-èwèng, ditarik mrana-mrene; kc. rèwèng.
rewat-rewot: kn: grusa-grusu.
(rèwèd): [x]-[x]-an êngg. kn: pamêtu wuwuhan (blêdug).
(rèwèh): [x]-[x] kn: mili ndlèwèr; ng-[x]: mili ndlèwèr; (rê-)[x]-an: mili pating dlèwèr tmr. kringêt.
rèwèl: kn: 1 kakehan pênjaluk, ora gampangan; 2 pc. kikrik, ora tumindak kalawan gampang-gampangan; 3 tansah nangis bae tmr. bocah cilik.
(rèwèng): di-(rê)-[x] kn: dicèwèng-cèwèng, dièwèng-èwèng.
rèwès: I êngg. kn: jèbrès, rawis. II ora ng-[x]: ora mrêduli, ora gêlêm nggatèkake.
(rèwêg): di-[x]-i kn: diribêdi, dirigoni.
(rèwu): sa-[x] (srèwu) kw: sèwu.
(rewo): [x]-[x] pc: brewa-brewo.
(rewod): [x]-[x] pc: pating jriwut.
(rewok): ng-[x], [x]-[x] kn: mawa rambut pating dhriwut.
(rewot): di-[x]-i êngg. kn: diribêdi, dirèwêgi.
rêbab: kn: ar. rêricikaning gamêlan kang mawa kawat karo panabuhe disênggrèng; ng-[x]: ngunèkake rêbab.
rêbah: k: rubuh.
(rêbasa): ng-[x] kw: ngrusak; kc. rabasa.
rêbat: k: rêbut.
rêbatang: êngg. kn: pokoking wit sing wis rungkad.
(rêbda): ng-[x] kn: mundhak-mundhak; saya njênggar; kc. rabda.
rêbi: kw: rêpit, winadi.
rêbut: n. rêbat k: 1 njupuk kanthi pêksa; 2 unggul-unggulan, golèk unggul; di-[x]: dijupuk, (diêpèk, didhaku) kanthi pêksa; [x]-an: 1 gênti ngrêbut; 2 apa-apa sing arêp dirêbut.
rêbut bênêr: n. rêbat lêrês k: pêpadon golèk mênang.
rêbut dhisik:: bantêr-bantêran ngarah ndhisiki.
rêbut dhucung: kn: mlayu dhisik-dhisikan.

rêbut unggul:: unggul-unggulan.
rêbut urip: (-koripan): padha ngungsi murih bisa urip.
rêbut para: (-paran): padha ngungsi mlayu.
rêbut sênêng:: mung kari milih êndi sing disênêngi.
rêbut cukup:: saanane bae mung mburu cukupe.
Rêbo: kn: ar. dina sing kapat.
rêbon: kn: bngs. urang cilik.
(rêda): pc: rêbda.
rêdana: êngg. k: dhuwit.
rêdatin: n. rêdatos k: susah.
rêdên: kn: ar. wit.
rêdèn: k: gunungan.
rêdênas: (W) kn: ar. abdi-dalêm kraton sing dadi utusan.
rêdi: k: gunung.
rêdite: kw: srêngenge; 2 dina Ngahad.
rêdya: br: gunung; kc. rêdi.
rêja: kn: têntrêm sarta akèh wonge tmr. nagara lsp.
rêjah: êngg. kn: rêja.
(rêjak): ng-[x] kn: ngrêjêk (ngidak).
rêjamak: êngg. pc: ora jamak.
rajaos: êngg. k: rêjasa.
rêjasa: I kw: mbêbana, ngrêrêmih. II kn: campurane timah sari karo gluga. III kn: ar. wit.
rêjèh: êngg. kn: rêja.
Rêjêb: kn: ar. sasi kang kapitu.
(rêjêg): ng-[x] êngg. pc: nggrêjêg, ngroyok.
(rêjêk): ng-[x] kn: ngidak, ngrênyêk, ngrêmuk.
rêjêki: (A) kn: pangan (sêga), apa-apa sing prêlu kanggo urip; ngrêjêkèni: njalari gangsar ênggone golèk rêjêki.
(rêjêng): ng-[x] kn: nggujêngi ngèwèng-èwèng (ngènèng-ènèng); rêrêjêngan: eneng-enengan.
rêju: kw: bênêr, adil.
rêdhaksi: (W) kn: apa-apa sing gêgayutan karo kêkarangan.
rêdhaktur: (W) kn: juru ngarang (ing layang kabar).
rêdhêm: êngg. kn: mênêng bae.
rêg: mak [x] kn: obah sing ngêgèt (up. lindhu lsp).
rêga: n. rêgi k: ajining barang sing diwujudi dhuwit; ana [x] ana rupa, ana rupa ana [x]: anggêr rêgane larang barange iya bêcik; dirêgani: 1 ditêtêpake rêgane; 2 diajèni; rêrêgan: pangaji.
rêgadag: mak [x] pc: katêranganing narik rikat.
rêgag: êngg. kn: rada ora wani (sudi).
rêgak: [x]-[x] êngg. kn: judhêg.
(rêgancang): ng-[x] kn: katon gêdhe sarta gagah.
rêgas: êngg. kn: gêtas.
rêgèdèg: mak [x] pc: katêranganing narik lawang lorogan lsp.
(rêgeyong): ng-[x] kn: katon gumandhul sêmu abot.
rêgèn: (W) êngg. pc: bupati (kang mbawahake kabupatèn).

rêgêd: kn: 1 ora rêsik; 2 ora suci, cêmêr; ng-[x]-i: njalari rêgêd; [x]-an: apa-apa sing rêgêd ut. papan kanggo mbuwang barang sing rêgêd.
rêgêdêg: mak [x] pc: katêranganing wong akèh têka bêbarêngan lsp.
(rêgêjêg): [x]-an kn: padha pêpadon arame.
rêgêm: kn: bngs. tanggêm cilik; di-[x]: 1 ditanggêm, dijêpit; 2 digêgêm, diêngku, dikuwasani.
(rêgêmêng): pating [x], [x]-[x], ng-[x] kn: katon gêdhe ngrênggunuk ing papan sing sumamar.
rêgêng: kn: 1 katon akèh wonge tmr. desa, nêgara lsp; 2 katon ngêngrêng arame.
rêgêp: (ut. rumêgêp) êngg. kn: katon nggatèkake kalawan têmên-têmên; ng-[x]: 1 br. nyêkêl (asikêp) gêgaman; 2 êngg. tumanggap kanthi sênêng.
rêgi: k: rêga.
rêgiyêng: mak [x] pc: katêranganing njunjung apa-apa sing kanthi ngêtokake karosan.
rêgistêr: (W) kn: lis cathêtan.
rêgu: I kn: ora juwèh, mênêng sêmu angkuh. II pc: wrêgu.
rêgudug: mak [x] pc: katêranganing têka bêbarêngan lsp.
rêgulo: kn: ar. têtuwuhan sarta woh.
(rêgunuk): [x]-[x], ng-[x] kn: katon gêdhe mêmêdèni ana ing papan sing sumamar.
(rêgung): [x]-[x], ng-[x] êngg: katon lêdhung-lêdhung tmr. têtuwuhan.
rêkah: I êngg. kn: mlêkah, mlêthèk, rêngka. II ut. rumêkah kn: njênggar, mundhak akèh tmr. pang-panging wit-witan lsp.
rêkangat: (A) kn: ndhungkluk sarta ngambung lêmah ing nalikane sêmbahyang; kc. rakangat.
rêkaos: k: rêkasa.
rêkasa: n. rêkaos k: 1 angèl, kangelan; 2 bangêt tmr. lara ut. tatu; [x]-ning ati: ewuh-pakewuhing ati; [x] uripe: mlarat, nandhang kêmlaratan; ngrêkasakake: njalari rêkasa.
rêkat: êngg. pc: karkat, krêkat.
rêkatak: kn: pêpindhan swaraning barang suwèk katarik lsp.
rêke: kw: tumuli, nuli, banjur.
rêkès: (W) kn: 1 layang panyuwunan; 2 nglakokake layang panyuwunan.
rêkètèk: kn: katêranganing narik, nggaris lsp. rikat.
(rêkênêng): [x]-an êngg. pc: ngêtog kakuwatan (karosan).
rêkêtêk: kn: pêpindhan swaraning kayu coklèk lsp.
rêkitik: kn: pêpindhaning barang kobong lsp.
rêkyana: [x] patih kw: panyêbut marang patih.
rêkning: (W) kn: rekêning.
rêkutuk: mak [x] kn: pêpindhan swaraning apa-apa sing diurut, ditarik lsp.
rêkuwès: (W) êngg. kn: rêkès.

rêko: kw: tumuli, nuli; kc. rêke.
(rêksa): rumêksa kn: njaga; di-[x]: dijaga, ditunggu; (rê-) rêksan: apa-apa sing dirêksa.
rêksa-bumi: kn: ar. pangkating punggawa desa.
rêksaka: kw: panjaga.
rêksasa, rêksasi: kw: buta lanang (wadon).
rêksi: kw: rêsi.
rêksiwara: kw: rêsi linuwih.
rêkta: kw: abang.
rêm: ut. êrêm kn: tumutuping mata; [x]-[x]: 1 layap-layap; 2 arêp sirêp tmr. sinaring srêngenge lsp; [x]-[x] ayam: layap-layap nanging isih krungu swaraning wong gunêman lsp; umêrêm(mêrêm): 1 matane tumutup, ora mêlèk; 2 ora prêduli sapa-sapa, cêthil bangêt; mêrêm mêlik: turu ora bisa pulês marga sêdhih lsp; di-[x]-ake: didhipêtake matane.
rêma: kn: sarwa akèh pasuguhe.
rêmak: kn: rêmêk.
rêmak-rêmpu: kn: êntèk kêkuwatane.
rêmbag: k: rêmbug.
rêmbaya: kn: ar. prau cilik.
rêmbayas: kn: ar. iwak loh.
(rêmbaka): ng-[x] kn: ngrêmpayak akèh godhonge.
(rêmbang): di-[x] kn: ditêgori tmr. têbu.
rêmbat: k: pikul.
(rêmbe): rumêmbe, ng-[x] kw: sêmi. tuwuh; kc. pangrêmbe.
rêmbên: kn: 1 rêndhêt, tamban, rindhik; 2 gêlêm ora-ora.
rêmbêng: kn: sênik gêdhe.
rêmbês: kn: rambas, ngêmu banyu marga tambas, mili sathithik-sathithik; [x]-ing madu br: isih trahing aluhur.
(rêmbêt): I [x]-[x] kn: rêpêt-rêpêt, lamat-lamat. II rêrêmbêtan pc: sêmbêt.
rêmbyah-rêmbyah: kn: krêmbyah-krêmbyah.
rêmbyang: kn: ar. bngs. sukêt sing kêmbange dianggo kili jangkrik; [x]-[x]: katon congat-congat akèh tmr. sukêt.
rêmbyung-rêmbyung: kn: katon ngrêmbuyung akèh godhonge.
rêmbug: I n. rêmbag k: 1 mupakatan; 2 (ut. pi-[x]) pituduh, pitutur amurih bêcik; sa-[x]: wis condhong, sarujuk; ng-[x]: nggunêm sawijining prakara; ng-[x]-i: mituturi, awèh rêmbug; [x]-an (pirêmbugan): caturan, gunêman ngrêmbug sawijining prakara. II kn: (ut. pangrêmbugan) gombal lsp. kanggo nyaput; ng-[x]: nyaput.
(rêmbuyung): ng-[x] kn: ngrêmbaka, akèh godhonge.
rêmbuyut: kn: ar. têtuwuhan; ng-[x]: saèm. ngrêmbuyung.
rêmbulan: kn: bngs. planit sing ngubêngi bumi.
rêmbulung: kn: bngs. wit nipah.
(rêmbun): ng-[x], rumêmbun kw: sêmi, tuwuh.
rêmbus: I kn: rêmbês, têmbus. II (W) kn: kiriman barang kinanthèn panagih rêgane barang mau.

(rêmêd): di-[x] kn: digêgêm banjur kawênyêd (kaêjur).
rêmêk: kn: rêmuk.
rêmên: k: dhêmên.
rêmên-nyar: k: dhêmên-nyar.
--- 527 ---
rêmêng ~ rêngêt.
rêmêng: kn: 1 êngg. pêtêng, surêm; 2 ar. gêndhing; [x]-[x]: rada pêtêng, sumamar.
rêmêt-rêmêt: kn: rêpêt-rêpêt, lamat-lamat.
(rêmih): ngrêmih, ngrêrêmih kn: namakake têmbung manis, ngrungrum.
(rêmik): [x]-an êngg. kn: nyamikan, pacitan, panganan.
rêming-rêming: êngg. kn: règèng-règèng, rada wiwit mlaku tmr. bakulan.
rêmis: I êngg. kn: 1 bngs. kece; 2 bribil (½ sèn). II êngg. kn: wêrêng.
rêmit: kn: 1 (ut. ng-[x]) ngrawit, sarwa alus tmr. corak; 2 winadi, sarwa alus tmr. krenah lsp.
rêmyêng-rêmyêng: êngg. kn: ramyang-ramyang.
(rêmu): [x]-[x] kn: 1 wiwit mawa warna kuning tmr. wowohan sing arêp matêng; 2 sêmu.
rêmuk: kn: 1 ajur sawalang-walang; 2 rusak babar pisan; di-[x]: 1 diêjur nganti rêmuk; 2 dirusak, disirnakake; [x]-an: apa-apa sing wis rêmuk.
rêmus: I kn: bucêk-bucêk sathithik tmr. gêlas lsp. II di-[x] pc: dikrêmus.
rêmpang: êngg. kn: sarêmbug; kc. rêmpug.
rêmpah: I kn: ar. lêlawuhan sing digawe iwak daging ut. iwak loh. II [x]-[x] êngg. kn: bumbu.
(rêmpayak): ng-[x] kn: nggrêmbêl nanging njênggar wrata tmr. pang.
rêmpak: kn: rêmak, rêmuk, rusak; di-[x]: dirêmuk, dirusak.
rêmpaka: kc: rumpaka.
rêmpèyèk: kn: ar. panganan ut. lawuh.
rêmpèl: êngg. pc: rèmpèl.
rêmpêd: êngg. kn: kêtêl tmr. sukêt lsp.
rêmpêg: kn: rampak.
rêmpêk: kn: rêmêk, rêmuk; kc. rêmpak.
rêmpêla: kn: perangan wadhuking kewan iwèn sing êmpuk sarta enak dipangan.
rêmpêlas: kn: 1 ar. wit sing godhonge kasab kêna dianggo ngêlus; 2 dluwang lsp. linengkedan bubukan bêling kanggo ngêlus kayu lsp; di-[x]: digosok (diêlus) nganggo rêmpêlas.
rêmpêlu: I kn: ampêru; ora duwe [x] pc: ora duwe pikiran. II ng-[x] kn: ngimpi ing wayah awan.
rêmpiyag-rêmpiyêg: kn: mlaku sarwa rêkasa (marga mêntas lara lsp); kc. rêmpiyêg.
(rêmpiyêg): ng-[x] kn: kaya rêmuk anggotane nganti ora bisa sigrak.
rêmpit: I kn: rêpit. II (ora) [x] kn: (ora) kêtaton, kalong.

rêmpu: kw: rêmuk, ajur marga kêtaton lsp; di-[x]: dirêmuk, diêjur; kc. rêmpuh, rêmpon.
rêmpug: êngg: 1 rampak; 2 rêmbug.
rêmpuh: kw: rêmuk, ajur; kc. rêmpu.
rêmpon: ut. rêrêmpon kw: pêrang rêmuk-rêmukan (amuk-amukan); di-[x]-i êngg: digaru.
rêna: I kn: sênêng, marêm atine; dirênani: disênêngi; karênan: sênêng atine, kêpranan atine. II êngg. pc: wrêna (ar. kewan bngs. klabang cilik). III [x]-[x] êngg. pc: warna-warna.
rênak-rênuk: kn: padha rêmbugan pating glênik sarta onthak-anthuk.
(rêndêm): kn: kc. rêndhêm.
(rênjah): di-[x] kn: diilês, diidak.
(rênjak): di-[x] êngg. kn: dirunjak.
rêndhah: êngg. kn: 1 cêndhèk; 2 andhap-asor.
(rêndhe): [x]-[x] kn: tamban, suwe tmr. tumandang ing gawe; di-[x]-[x], dirêrêndhe: disêsuwe.
rêndhèl: êngg. pc: rèndhèl.
(rêndhèm): di-[x] kn: diêkum ing banyu murih êmpuk.
rêndhêng: kn: mangsa udan; panèn [x]-an: ngênèni tanduran kang ditandur ing mangsa rêndhêng.
rêndhêt: kn: randhat, ora gancar.
rênêk: kw: jêjêmbêk, jurang.
(rênêng): di-[x] kn: ditarik, dicènèng; ke-[x]-[x]: katon ngêtokake karosan nalikane ngangkat lsp.
rênêp: kw: aub, eyub.
rênês: kn: 1 akèh ênggone olèh rêjêki (pamêtu lsp); 2 pc. akèh pangane ut. pasuguhe.
rênik: kn: 1 (ut. [x]-[x]) ngrawit sarwa alus tmr. ukêl lsp; 2 glênik, pangapus; di-[x] êngg: diapusi.
(rênuk): [x]-[x](-an) kn: omong-omongan gêglênikan.
rêntah: k: runtuh.
rêntêng: kn: rêngka, rêngat, bênthèt; [x]-ing ati: lara atine, susah atine; kc. ruwêd-rêntêng.
rêntês: êngg. kn: rêntêng.
rêntêt: kn: mêpêt bangêt ora ana rênggange tmr. untu, jungkat lsp.
rêncah: êngg. kn: rancah.
(rêncak): di-[x] kn: diêdum-êdum tmr. kewan burukan (kewan sing dibêlèh).
rêncaka: ut. ng-[x] kw: susah, sêdhih; kc. rancaka.
rêncang: I kn: wis pulih (mari) tmr. wong mêntas duwe anak. II êngg. kn: rênggang, amba antarane.
rêncêm: I kw: rêmuk, èmu. II ut. [x]-[x] kn: mawa tatu kaya dicublêsi; kc. trêncêm.
(rêncung): (re-) [x]-an kn: mlaku kalawan rêkasa bangêt.
rênyah: kn: 1 cilik abêning ngrêsêpake tmr. swara; 2 (yèn dimamah) gêtas kriyak-kriyak up. timun.
rênyak, rênyêk: kn: rêmak, rêmuk; di-[x]: dirêmuk, dilêmbutake.

rênyêp-rênyêp: kn: 1 sarwa alus angrawit; 2 riyêp-riyêp, gumêbyar.
rênyuh: êngg. kn: gêtas, gampang pêcah.
rênyuk: kn: pating jêkêthut marga dilêmpit-lêmpit (ut. dirêmêt) tmr. dluwang lsp; ng-[x]: ngrêmuk, ngrênyêk.
rêngak-rêngik: pc: ringik-ringik.
rêngat: kn: bênthèt, rêngka; [x]-ing ati br: pinggêting ati (lara atine, sêrik); di-[x]: dipêcah tmr. wowohan; rêrêngatan br: cêcongkrahan.
rêngêng-rêngêng: kn: ura-ura (sindhèn) lirih.
rêngês: kn: rèngès, rantap.
rêngêt: kn: ar. gêgrêmêtan sing sok mangan sandhangan lsp.
--- 528 ---
(rêngga) ~ rêsik.
(rêngga): di-[x] kn: 1 dipajang, dipacak murih katon endah; 2 dicandra, dirumpaka; 3 diopèni, dijaga; rêrênggan: 1 pajangan, pacakan; 2 êngg. wong sing diopèni; ngrênggani: 1 ngrêngga; br. dadi rêrênggan ing (manggon, dêdunung).
rênggang: kn: 1 bênggang, ora mèpèt; 2 (ut. [x]-an) lêlowahaning barang loro; 3 pêpisahan, sulaya, ora pati jodho; [x] gula, kumêpyur pulut: tansah rakêt tmr. mêmitran; ng-[x]-i: ngêdohi pawong mitra; ng-[x]-ake: 1 mbênggang, agawe rênggang; 2 njalari pasulayan, ngêdohake pawong mitran.
rênggêp: kn: rêgêp; rumênggêp, ng-[x] kw: nyêkêl, nyandhak.
rênggês: I di-[x] kn: diicuk-icuk, dibujuk. II di-[x] êngg. kn: diobongi tmr. têtuwuhan ing bubakan anyar.
rênggi: ut. rêrênggi kw: pangati-ati, uwas.
rêngginang: kn: ar. panganan sing digawe kêtan.
(rêngguyung): ng-[x] êngg. kn: ngrêmbuyung.
(rênggunuk): kc: rêgunuk.
(rênggut): di-[x] kn: 1 dijabut, dibubut tmr. sukêt lsp; 2 kw. dijambak, disêbrak, ditarik.
(rênggos): [x]-[x], (rê-) [x]-an kn: ambêkane sêsêk mênggèh-mênggèh marga mêntas mlayu lsp; kc. krênggos.
(rêngih): [x]-[x] kn: sêsambat (njêjaluk) ngasih-asih; ng-[x], ngrêrêngih: ngrêrintih, mbêbana mêmalat sih.
rêngik-rêngik: pc: ringik-ringik, ngrintih.
rêngit: kn: bngs. lalêr cilik.
rêngka: kn: 1 bênthèt arêp bêngkah tmr. gunung, tembok lsp; 2 ora jênjêm tmr. ati, ora têntrêm tmr. krajan (nêgara) marga ana kraman lsp.
rêngkah: kn: rêkah.
rêngkèd: kakehan [x] êngg. pc: kakehan gawan (ribêd); kc. rêngkèg.
rêngkèt: [x]-[x] kn: swaraning pikulan lsp; kc. krêngkèt.
rêngkêd: kn: kêrêp tmr. nam-naman, ora rênggang.
rêngkêng-rêngkêng: kn: rêkasa ênggone ngadêg (mlaku) marga mêntas lara bangêt (tiba lsp).
rêngkik-rêngkik: kn: lêncir sarta sarwa cilik tmr. pawakan.

(rêngkuh): di-[x] kn: dianggêp kaya dene, up. di-[x] sêdulur; kc. rumêngkuh.
(rêngkuk): ng-[x] pc: ngringkuk, wungkuk kabotan gawan.
rêngkulu: êngg. kn: bantal; kc. rangkulu, karang-ulu.
rêngkong: êngg. kn: bngs. pikulan pari.
rêngu: kw: nêpsu, lara atine; dirêngoni: disrêngêni, dinêpsoni.
rêngos-rêngos: êngg. pc: rênggos-rênggos.
rêngrêng: kn: katon wingit, katon endah sarta gagah; kc. ngêngrêng.
rêp: kn: 1 katêrangan nelakake kaanan kang mandhêg dadakan; 2 sirêp, suruping srêngenge.
(rêpa): ngrêrêpa kn: ngasih-asih, njaluk kawêlasan.
(rêpak): rumêpak, ng-[x] kw: ngrupak, nêmpuh sarta nêsêk.
rêpèn: ut. rêrêpèn kn: kêkidungan (uran-uran) pamalat-sih ut. panyandra; kc. rêpi.
(rêpèpèh): [x]-[x], ng-[x] kn: linggih ngêdhêkês andhap-asor (ngasih-asih).
(rêpêt): [x]-[x] kn: wayah esuk ngarêpake srêngenge mlêthèk.
rêpêtir: bêdhil [x] kn: bêdhil sing bisa muni bola-bali.
rêpêtisi: (W) kn: mbalèni (piwulang lsp).
rêpi: ut. rêrêpi kw: 1 kidungan, uran-uran kidungan; 2 layang; ng-[x], ngrêrêpi kn: uran-uran kidungan panyandra lsp; kc. rêpèn.
rêpit: kn: winadi, primpên; kc. rêmpit.
rêpolpêr: (W) kn: kêstul, pistul.
(rêpopoh): ng-[x] êngg. kn: gumantung tumêlung tmr. pang.
rêportêr: (W) kn: juru awèh kabar.
rêpot: (W) kn: 1 lapur, awèh wêruh marang kapulisèn lsp; 2 (ut. [x]-an) parêpatan ngrêmbug pagawean; di-[x]-ake: dilapurake.
rêrêb: I kw: lêrêb, lêrêm. II [x]-[x] kw: udan, grimis.
rêrêm: kw: lêrêm.
rêrês: kw: giris, miris.
rês: pc: blêdug (pamêtu mirunggan); kc. ngêrês, rêsrês.
(rêsa): di-[x] pc: dirêksa.
rêsados: êngg. k: rêsaja.
rêsah: k: rusuh.
(rêsaya): di-[x] kn: dijaluki tulung, disambat; rêsayan êngg: sambatan.
rêsak: êngg. k: rusak.
rêsban, rêsbang: (W) kn: bngs. bangku pangason.
rêsèp: (W) kn: katêrangan bab pêrincèn adon-adoning jamu lsp.
rêsèpsi: (W) kn: lênggahan (pista) dhinês.
rêsèrsi, rêsèrsir: (W) kn: pulisi sandi.
rêsêg: êngg. kn: kurungan awangun tumpêngan.
rêsêh: êngg. kn: rêgêd nglèlèt; kc. rusuh.
rêsêk: kn: 1 rêgêd marga barang-barang rosokan; 2 (ut. [x]-an) rosokan, barang-barang sing rêgêd pating jlêmpah.
rêsêp: I kn: njalari sênêng (kapenak) marang pandêlêng (pangrungu); ng-[x]-i: sênêng marang; ng-[x]-ake: njalari rêsêp. II rumêsêp kn: mlêbu amblês tmr. barang cuwèr. III êngg. ki: sukêr, nggarap-banyu.

rêsi: (S) kw: 1 wong suci sing wis dadi dewa; 2 pandhita tapa.
rêsidhèn: kn: residhèn.
rêsik: kn: 1 ora rêgêd; 2 suci, murni, tulèn; 3 tanpa ana salahe tmr. tulisan, basa, karangan lsp; 4 pc. êntèk babar pisan, gêmêt; 5 absah, padhang-padhangan tmr. nikah, doltinuku; 6 pc. sah kabèh tmr. utang; 7 lagis; [x]-[x], rêrêsik: 1 nyaponi lsp. murih rêsik; 2 sêsuci awak; ng-[x]-i: agawe supaya rêsik; ng-[x]-ake: 1 nggêmêtake, ngêntèkake; 2 agawe rêsik, ngabsahake; [x]-an: 1 ora crobo; 2 pc. tumindak miturut anggêr-anggêr tmr. nikah lsp.
--- 529 ---
rêsisir ~ rikala.
rêsisir: pc: pulisi kapêtêngan (sandi); kc. rêsèrsir.
rêsiwara: (S) kw: pandhita linuwih.
rêsmi: kw: kaendahan, cahya kang ngrêsêpake; sa-[x], rêrêsmèn, ngrêsmèni kw: sacumbana.
rêsula: I êngg. kn: bngs. wit nipah. II ng-[x] kn: nggrêsah, sêsambat marga rêkasa lsp.
rêsun: kw: aku, kowe.
rêspati: I kw: 1 ngrêsêpake ati; 2 patut, sêmbada pidêksa tmr. pawakan. II kw: Kêmis.
rês-rês: kn: rêrêgêd sing yèn digrayang krasa ngêrês; kc. rês.
rêsrês-poh: kn: ar. kewan bngs. cacing.
rêt: mak [x] pc: pêpindhan swaraning barang suwèk lsp.
rêta: I kw: mani. II kw: abang; kc. rêkta. III êngg. kn: 2 rupiyah. IV êngg. pc: warta; dirêtakake: diwartakake.
rêtah: (S) kw: kanikmatan; kc. rêta I.
rêti: I n. rêtos k: wis mrabot, wis dirukti apa-apane; dirêtèni: dirukti, dijaga, diladèni. II n. rêtos k: êngg. têgês, makna; ng-[x], mang-[x]: bisa nyakup (nyandhak) ing dalêm pamikir; ngrêtèkake: nêrangake supaya ngrêti; kc. arti.
rêtna: (S) kw: 1 intên; 2 sing endah dhewe; 3 (sêsêbutane) putri.
rêtu: I kw: dahuru, gègèr; rêrêtu: rêrusuh. II (S) kw: ar. mangsa (taun nêm mangsa); cs. 6.
rêtur: karcis [x] (W) pc: karcis mênyang mulih; di-[x]: dibalèkake tmr. layang kiriman lsp.
rêtos: k: reti.
rêca: kn: pêpêthaning manungsa lsp. sing digawe watu lsp.
(rêcêk): [x]-an pc: rêsêkan, rosokan.
ri: (ut. êri) kn: 1 cringih-cringih ing wit; 2 balung ing iwak loh sing lincip-lincip; kc. êri. II kw: dina, kc. ari, hari. III kw: adhi, kc. ari. IV kw: ing, ing nalika, dening.
riba: I kn: ruba. II (A) kn: wong sing nganakake dhuwit lsp. luwih saka ing ngêkat; mangan [x]: nindakake pakaryan riba.
ribèn: êngg: karêbèn.
ribêd: kn: 1 (ut. rêribêd) apa-apa sing njalari ora sêmpuluring laku (pagawean lsp); 2 kêna ing rêribêd; 3 susah marga kêtaman prakara

sing angèl-angèl; ng-[x]-i: 1 ngrèwangi, ngrigoni, njalari ribêd; 2 nusahake; kc. rubêd.
ribêng: kw: putêk, judhêg.
ribig: kn: kabèh padha, rujuk, saeka karêp; di-[x]i: dirujuki.
ribug: kn: wis ringkih marga wis tuwa tmr. jago.
ribut: kn: 1 (ut. angin [x]) kr. prahara; 2 tumandang sarwa kêsusu lan rêrikatan; 3 êngg. pc.gègèr, poyang-payingan, orêg; ng-[x]-i: njalari ribut.
rijal: kn: swara rame kang kaprungu ing wayah bêngi.
rijig: êngg. kn: risig.
rijung: kn: pincang, dheglog; kc. rejog, riyug.
rijuh: êngg. kn: rikuh.
rijol: êngg. kn: ijol.
(ridhu): reridhu kn: panggodha; ngrêridhu: nggodha, mbêbeda, ngrigoni.
ridhong-ridhong: kn: nganggo kêmul rimong lsp.
rigal, rigèl: êngg. kn: rigol.
rigèn: I kn: rege. II êngg: karêbèn.
rigên: kn: prigêl sarta sugih reka; rêrigên êngg: tatanan; di-[x] êngg: ditata, dipranata; di-[x]-ake: dipratikêlake, digolèkake akal.
rigih-rigih: êngg. pc: wigih-wigih.
rigis: pc: règès bangêt.
rigma: êngg. k: rambut.
(rigu): dirigoni êngg. kn: dirègoni, diribêdi.
riguh: êngg. kn: regoh.
rigol: 1 pc. runtuh; 2 êngg. pc. tiba.
rigrig: kn: gigrig.
riya: I kn: ar. sêbutan ut. pangkat; kc. arya. II êngg. kn: sumungah, kibir, jubriya. III [x]-[x] êngg. kn: sênêng-sênêng.
riyag-riyug: kn: mlaku pincang (ora jêjêg).
riyah-riyah: kn: ênom sarta sumringah tmr. warna.
riyaya: 1 êngg. kn: bêbarêngan mangan enak; 2 n. riyadi, riyadin k. mangan enak sarta slamêtan ing mangsa lêbaran (bakda Pasa, êngg. 10 Bêsar); riyayan êngg: slamêtan riyaya.
riyak: kn. jlagra ki: bngs. yiyit sing mêtu saka ing gurung (up. pinuju lara watuk); di-[x]-i: diidoni nganggo riak.
riyalat: (A) kn: cêcêgah apa-apa murih kalakon sing disêsuwun.
riyêg: kn: saiyêg, padha mupakat kabèh.
(riyêk): di-[x]-[x] kn: 1 dirêmêk-rêmêk, diwênyêt (diidak) nganti ajur; 2 diwênyêt tmr. dluwang lsp.
riyêl: ut. jêjêl [x] kn: kêbak bangêt uyêl-uyêlan.
riyêm-riyêm: kn: 1 liyêp, lindri (satêngah mêrêm tmr. mata); 2 katon padhang sumamar.
riyêp-riyêp: kn: 1 katon alus ngrawit nêngsêmake pandêlêng; 2 (ijo [x]-[x]) ijo ênom gumadhung tmr. gêgodhongan.
riyin: êngg. pc. k: biyèn; kc. kriyin.
riyug-riyug: kn: mlaku pincang; kc. riyag-riyug.

riyuh: êngg. pc: rame bangêt, gumuruh.
riyuk: êngg. kn: reyak-reyok.
(riyung): di-[x] êngg: dirauk, diraup.
(riyo): (ijo) [x]-[x] kn: ijo ênom sumringah.
riyom: kn: eyub marga akèh wit-witan; ng-[x]: ngayom, ngaub.
riyon: êngg. kn: diya-diniya; kc. diyon.
rik: mak [x] pc: sabawaning nyorèk lsp.
rika: I n. êngg: kowe, -mu. II k: kana.
rikala: êngg. kn: ing nalika.
--- 530 ---
rikanang ~ ripah.
rikanang: kw: ika, kang.
rikat: I kn: enggal, kêbat, bantêr; di-[x]-ake:dienggalake, disêngkakake. II [x]-[x] êngg. kn: kukud, rêrêsik; di-[x]-i êngg: dirêsiki, dikukudi.
rikatang: kw: ika, kang.
rikma: ki. êngg: rambut.
rikne, rikneya: pc: yèn ora mêngkono kapriye.
rikuh: kn: 1 kidhung, jiguh; 2 rada isin; ng-[x]-i: 1 njêjiguhi; 2 njalari rikuh, ngisin-isini.
rikrik: êngg. kn: tlatèn; di-[x] êngg: diwatun.
ril: I êngg. kn: bribil (½ sèn). II (W) kn: wêsi dalan sêpur ut. lori.
rila: kn: lila.
rilak: (A) kn. ak: nusu; sêdulur sa-[x]: sadulur tunggal suson.
rim: I (W) kn: rèm. II (W) kn: 1 wilangan dluwang = 488 ut. 500 pèl; 2 sabuk wlulang.
rimah: êngg. k: rumah.
rimang: 1 êngg. kn. blabur; 2 kw. sêdhih marga kasmaran.
rimba: kw. ak: alas.
rimbag: kn: 1 cithakan ut. ijèning bata, up. bata sa-[x]; wêwangunaning têmbung sawuse diatêr-atêri ut. dipanambangi; di-[x]: 1 dicithak; 2 diwangun tmr. têtêmbungan; [x]-an: cithakan.
(rimbas): ng-[x] kn: mrèjèngi glondhongan kayu diwangun pêsagi (mung nganggo wadung ut. kampak).
(rimbu): di-[x] kw: disimpên; kc. primbon.
(rimis): udan [x]-[x] êngg: udan riwis-riwis (grimis).
(rimuk): di-[x], dirêrimuk kn: dibêbujuk kanthi alus, dibêbolèhi.
rimong: I êngg. kn: apa-apa sing dianggo kêkêmul gêgêr ut. gulu. II kw. ak: macan; kc. mong.
rimpang: kn: ênthik ut. panging êmpon-êmpon (jae, kêncur, kunir lsp); [x]-an: mawa rimpang tmr. êmpon-êmpon.
rimpil: kn: pêthil tmr. barang sing cilik-cilik; di-[x]-i: dipêthili, diputungi, tmr. rèncèk lsp; kc. rampal, rèmpèl.
(rimpus): di-[x] kn: diêrut, disrimpung.
rina: n. rintên k: wayah awan.
rina-rina: kn: ar. gêndhing.

rinding: ut. [x]-an kn: ar. unèn-unèn ênggone ngunèkake sarana kapèpètake ing lambe kapadalake ing untu; ng-[x]: ngunèkake rinding.
rinjing: êngg. kn: bngs. kranjang ut. tenggok gêdhe.
rindhèk: êngg. pc: rindhik.
rindhik: kn: alon, ora rikat; [x] asu (kirik) digitik pr: agahan ênggone arêp nindakake marga wis kêpengin.
rindhil: êngg. kn: urut-urutan tanpa kêndhat (ênggone têka, mêtu).
rinèh: I êngg. kn: sarèh, ora ribut. II br: diêrèh; kc. rèh.
rini: I êngg. kn: bribil (½ sèn). II kw: wong (bocah) wadon.
(rintang): di-[x] êngg: dialang-alangi; [x]-an: alangan, rêribêd.
rintên: k: rina.
(rintih): ng-[x] kn: ngruntuh, sêsambat lirih; ngrêrintih, [x]-[x]: njêjaluk ngasih-asih.
rintik: êngg. kn: tritik; [x]-[x]: katon jèjèr-jèjèr ngrawit.
rintip: kn: katon lêlarikan atata; kc. rèntèp.
rinto: êngg. kn: rento, reto.
rincag: êngg. pc: rencog.
rinci: I êngg. kn: pang-panging wulèn pari; kc. princi. II êngg. kn: bngs. tenggok gêdhe.
rincik: kakehan [x] pc: kakehan rèwèl (pratingkah); kc. princi, rèncèk, ricik.
ring: kn: 1 êngg. ing; 2 êngg. maring, mênyang ing; 3 êngg. marang, tumrap marang.
ringa: I kw: duga; ma-[x]: nduga. II [x]-[x], rêringa kn: kanthi pangati-ati marga sujana (ora pracaya, gojag-gajêg).
ringan: êngg. kn: ènthèng, gampang.
ringas: kn: 1 giras, ora tutut tmr. jaran; 2 lancang; 3 êngg. srêgêp.
ringga: kn: gojag-gajêg marga rada wêdi.
ringgi: sa-[x] êngg. kn: 5 bêntelan (± 15 kati) tmr. pari.
ringgit: 1 kw. wayang; 2 k. tlèdhèk; 3 kn. ar. dhuwit slaka ajine f 2½; [x]-an k: wayangan, tledhekan.
(ringi): diringèkake êngg: dirungokake.
ringih-ringih: kn: lancip-lancip sarta landhêp tmr. untu, êri lsp.
(ringik): [x]-[x], ng-[x] kn: tansah ngrintih sêsambat, nangis lsp.
ringin: pc: wringin.
ringkêl: I kn: lagi kêpênêr apês (cilaka) tmr. sato, manungsa lsp. miturut petungan dina paringkêlan (up. tungle = ringkêl godhong, ora kêna nênandur têtuwuhan sing dipurih godhonge; aryang = ringkêl jalma, pangapêsaning manungsa; warukung = ringkêl sato, kewan-kewan lagi padha apês; paningron = ringkêl mina, iwak loh lagi apês; uwas = ringkêl pêksi, manuk-manuk padha apês; mawulu = ringkêl wiji, yèn nyêbar wiji ora thukul); pa-[x]-an: dina ing pawukon (tungle, aryang, warukung, paningron, uwas, mawulu). II ng-[x] kn: têturon njintêl (nglêkêr); di-[x]-[x]: ditêkuk-têkuk gêgulungan (lêlêkêran).
ringkês: kn: 1 cêkak, ora rowa tmr. carita lsp; ora ngêbak-êbaki papan tmr. buntêlan lsp; 3 (ut. [x]-an) climèn, pasaja tmr. duwe gawe lsp; ng-

[x]: 1 nyêkak, nyilikake; 2 gawe supaya ora rowa; 3 ora nganggo karamean tmr. duwe gawe; 4 nyidra, matèni dhêdhêmitan; [x]-an: cêkakan, wawasan sing cêkak.
ringkih: kn: ora kukuh (santosa) tmr. pawakan, dandanan, budi lsp.
(ringkuk): ng-[x] pc: ngrungkuk.
(ringkus): ng-[x] pc: mringkus, ora mbêgagah.
ringkot: êngg. kn: rèngkot.
(ringut): [x]-ên kw: nêpsu bangêt.
(ringring): di-[x](i) pc: diarêm-arêmi supaya aring; kc. aring.
ripah: I (A) kn: sarwa akèh sarta sugih bangêt.
--- 531 ---
II pc: sêbutane bojon sayid.
ripak ~ rujuk.
ripak: êngg. k: rupak.
ripak-ripuk: êngg. kn: têlês, klêbus.
ripik-ripik: êngg. kn: golèk rèncèk-rèncèk kayu.
ripu: I kn: rapuh, repo. II êngg. kn: ribut. III (S) kw: mungsuh, satru.
ripuh: êngg. kn: kc. ripu I.
(ripta): (cipta)-[x] kw: gagasan; ng-[x] kw: nulis, nganggit, ngarang.
ririh: I kw: lirih, alon. II êngg. kn: ora kêtaton, ora kalong; kc. lirip.
riris: kw: grimis.
ris: I êngg. kn: 1 garis watêsing pakarangan lsp; 2 tali pinggiraning layar lsp; di-[x]-i êngg: diwatêsi. II kw: alon, sarèh; kc. aris. III êngg. pc: gès, grès.
risak: k: rusak.
ri-saksana: kw: ing nalika iku banjur, tumuli.
risalat: (A) kn: 1 kongkonan; 2 layang .
risang: kw: (ing sang ...) sang, up. [x] prabu.
risèpsi: kn: rêsèpsi.
ri-sêdhênge, ri-sêdhêngira: kw: mbênêri, pinuju.
risi: kn: 1 krasa kêri, krasa ora kêpenak; 2 krasa ora sênêng; ngrisèni: njalari risi.
risidhèn, risdhèn: kn: residhèn.
risig: êngg. kn: 1 sarwa rêsik tmr. omah lsp; 2 ora kêmproh, brèsèt; 3 srêgêp.
risih: êngg. kn: risi.
risiko: (W) kn: pituna.
rispis: êngg. kn: rupiyah.
risrisan: êngg. kn: tembok minangka dhasaring pagêr lsp.
rit: I di-[x] pc: diêrit. II sa-[x] pc: sajalan tmr. têtunggangan.
ritak, ritèk: êngg: karêbèn.
ritang: kw: ingkang.
riti-riti, ritik-ritik: êngg. kn: rintik-rintik.
(ricih): ng-[x] êngg. pc: nggrêjih (tansah udan).
(ricik): I ng-[x] êngg. kn: 1 milah-milah, ngarani pêperangane; 2 milang, metung diprinci-princi; (rê-) [x]-an: pêperangan, prabot sing

prêlu-prêlu. II (udan) [x]-[x] kn: grimis sing rada agal; ng-[x]: tansah udan.
(riwa): [x]-[x] êngg. kn: rewa-rewa.
riwayat: (A) kn: crita, dongèng babad.
riwana-wulung: kn: ar. wit, kayune dianggo jimat.
riwa-riwi: êngg. kn: wira-wiri.
riwe: (êngg. kn) ki: kringêt; riwènên k: kringêtên.
(riwêd, riwêg): ng-[x]-i êngg. kn: ngribêdi, ngrigoni, makewuhi.
riwêng: kw: judhêg, wis ora wêruh apa-apa.
riwih-riwih: kn: mili dlèwèran; kc. rèwèh.
riwil: kn: angèl ladèn-ladènane; kc. rèwèl.
riwis-riwis: kn: ora pati dêrês tmr. udan.
riwit: lombok [x] pc: lombok rawit.
riwug-riwug: kn: mawa rambut akèh; kc. rewog.
riwuk: ut. rêriwuk kn: rêrusuh, sing njalari ribut; di-[x]-i: dirusuhi, dibêbidhung, dirigoni.
ri-wuse, ri-wusning, ri-wusnya: kw: sawuse.
riwut: 1 kw. prahara; 2 kn. nêpsu bangêt, sarwa sêrêng tandang-tanduke; kc. ribut.
ryak: kw: ombak.
ru: I kw: sêrik; kc. êru. II kw: panah. III kn: sacêngkal pêsagi (14,19 m2).
ruba: ut. rêruba kn: 1 pawèwèh kanggo golèk pamrih (sih); 2 bêsêl; dirubani: diwènèhi rêruba, dibêsêli.
(ruba-gini): ng-[x] kn: ngundhakake rêrêgan luwih saka mêsthine (marga barange wis kêbacut ora ana lsp).
rubaya: kw: robaya.
rubeda: kn: pakewuh, alangan.
rubêd: kn: alangan, pakewuh; di-[x]-i: dialang-alangi, dipêkewuhi; kc. ribêd.
rubês: êngg. kn: 1 ribut, riwut; 2 kisruh-kisruhan, gègèr; 3 angèl ambah-ambahane tmr. dalan.
rubiyah: bkn.[7] ak: wong wadon (rabi).
rubiru: kn: aru-biru.
rubuh: n. rêbah k: 1 (tiba) ambruk; 2 sumèlèh wrata (ora ngadêg); 3 diucapake miring tmr. aksara swara, up. â diucapake a: ng-[x]-i: 1 rubuh ngênani; 2 êngg. mbêlèh raja-kaya sing kêcilakan; [x]-an êngg: iwaking kewan sing dirubuh (dipurak); ka-[x]-an: karoban.
rubuk: I êngg. kn: 1 pandumane padha; 2 sumbut, kurup. II [x]-[x], (re)[x]-an êngg. kn: gêgrombolan padha nglakoni panggawe maksiyat.
rubung: kn: gêgrombolan tarap ngubêngi, up. sing tuku [x]; [x]-[x]: gêgrombolan wong akèh ngubêngi; ng-[x]: nggrombol tarap ngubêngi; kc. ubung.
ruda-pêksa: kw: pêksa, njiyat; kc. roda.
rudah: kw: rudatin, susah atine.
rudatin: n. rudatos k: sêdhih, susah.
rudira: (S) kw: gêtih.

rudita: kw: susah, sêdhih.
ruditya: br: rudita.
rujad: kn: bujat, rusak pisah-pisah saka ing gêgathukane; di-[x]: dibujad, dirusak sarana disêmploki.
(rujag): I di-[x] êngg. kn: 1 dikrubut, dirudug; 2 dipêksa tmr. wong wadon. II di-[x], [x]-an kn: dibathik têrusan bae tanpa nganggo pola.
rujak: kn: ar. ombèn-ombèn ut. panganan sing digawe wowohan mêntah lsp.
ruji: kn: 1 wêsi, kayu lsp. sing kanggo iga-iganing cêndhela, pagêr, payung lsp; 2 lar-laraning rodha; 3 lar-laraning cakran.
rujit: kw: 1 pating sluwir tmr. kêmbang lsp; 2 kakênan atine, susah; di-[x]-[x]: disuwir-suwir, disuwèk-suwèk.
ruju: êngg. kn: ragil; kc. wruju.
rujuk: I kn: ora sulaya, rukun; sa-[x]: wis mupakat; di-[x]-i: diombyongi, diguyubi.
--- 532 ---
II kn: balèn ningkahan manèh (sajroning idah ing pêgatan kang kapisan lan kapindho); ng-[x]: mbalèni bojo sing wis dipêgat.
rudhira ~ rumuhun.
rudhira: (S) kw: gêtih.
rug: I kw: jugrug, lêbur; kc. êrug, urug, rugrug.. II di-[x] êngg: diadhuk tmr. lêmah; kc. arug.
rugi: I êngg. kn: kuwatir, sumêlang; 2 mbêbayani; dirugèni: disujanani, disumêlangake; kc. runggi, sangga-runggi. II êngg. kn: tuna; ka-[x]-an: kapitunan.
rugol: êngg. kn: rigol.
rugrag: kw: oyag, jugrug.
rugrug: êngg. kn: jugrug; kc. rug.
ruhara: kw: 1 orêg, gègèr; 2 kuwur (susah) atine.
ruhun: kw: dhisik, biyèn; dipun-[x]-akên êngg. k: didhisikake; kc. karuhun, rumuhun.
ruhur: kw: luhur, dhuwur.
ruyung: I kn: kayune wit arèn; 2 kw: borang.
ruk: I pc: dhenok. II di-[x]: pc: dikêruk.
rukêm: kn: ar. têtuwuhan wohe enak dipangan.
rukêt: kn: 1 êngg. rakêt bangêt; 2 (prang [x]) gêlut pêpulêtan; di-[x]: dikêkêp (dirangkul) kêncêng bangêt; di-[x]-i: dirakêt tmr. pamitran.
rukma, rukmi: (S) kw: êmas.
rukuh: kn: bngs. jubah putih dianggo sêmbahyang tmr. wong wadon.
rukuk: (A) kn: ndhungkluk ing nalikane salat; kc. rêkangat.
rukun: I kn: 1 rujuk manèh; 2 ora pasulayan, guyub; di-[x]: 1 diajak bêcik, diajak bêdhami; 2 pc: dibêsêli; di-[x]-ake: dirujukake, diguyubake; (re-) [x]-an: padha rukun nggayuh sawijining bab; kc. pirukun. II di-[x]-i êngg: disêdhiyani, dicêpaki, dijagani. III ([x]-ing agama) kn: kawajiban limang prakara kang prayoga dilakoni tmr. pêpakoning agama Islam.

rukun-desa: n. [x]-dhusun k: apa-apa sing wis dimupakati ing parêpatan desa.
rukun-gawe: kn: pagawean gugur-gunung.
rukon: kn: rukun; kc. gêndhon-rukon.
ruksa: (S) kw: 1 rusak, bubrah; 2 sêdhih, susah.
(rukti): di-[x], diruktèni kn: 1 dirumat, dipulasara; 2 disudhiyani, dicêpaki.
rum: I kw: arum. II pc: njêrum (akon njêrum marang sapi lsp). III kn: ar. minuman kêras.
rumab: êngg. pc: 1 lara panas (kadhêmên); 2 kumat, angot.
rumabasa: kw: ngrabasa; kc. rabasa.
rumaja-putra: (-putri) kn: umur-umurane bocah lanang (13 taun) bocah wadon (11 taun).
rumagang: kw: tumandang ing gawe; kc. ragang.
(rumah): di-[x]-i kn: diombèri, disudhiyani papan; [x]-an: klowongan, papan sing disêdhiyakake, sadhiyan; kc. romah.
rumahab: kn: kalawan rahab bangêt; kc. rahab.
rumah-bolah: (M) kn: omah kanggo sênêng-sênêng (sositit).
rumah-gila: (M) kn: papan kanggo mulasara wong edan.
rumah-lelang: (M) kn: omah kanggo lelangan.
rumah-makan: (M) kn: rêstoran.
rumah-obat: (M) kn: toko jamu, apotik.
rumah-sakit: n. griya-sakit k: papan kanggo mulasara wong lara, hospital.
rumah-setan: (M) kn: gêdhong kanggo pakumpulan Vrijmetselaar.
rumakjun: kn: ar. têtuwuhan.
rumakêt: kn: sumanak bangêt; kc. rakêt.
rumambas: kn: mbrabas têmbus tmr. banyu; kc. rambas.
rumamyang: kn: katon ramyang-ramyang.
rumanti: n. rumantos k: 1 wis miranti, wis sêdhiya; 2 tata-tata, sumadhiya.
rumancaka: kw: njalari susah (kangelan); kc. rancaka.
rumangkang: kn: mbrangkang.
rumangsa: n. rumaos k: 1 wis krasa sajroning ati, mangrêti; 2 wis ngakoni salahe lsp; ngrumangsani: wis rumangsa; kc. rasa.
rumangsang: kw: nggayuh, ngranggèh, ngrangsang; kc. rangsang.
rumaup pada: kw: sujud nyungkêmi sikil; kc. raup.
rumaos: k: rumasa, rumangsa.
rumaras: I kw: miris, susah. II kw: bêcik, endah, sarwa tata; kc. raras, laras.
rumasuk: kn: mlêbu, manjing tmr. tamba lsp; kc. rasuk.
rumat: n. rimat k: 1 êngg. wis rumanti; 2 diopèni (dipiyara) kanthi têmên-têmên; di-[x] êngg: diopèni, dijaga murih aja nganti ilang; di-[x]-i êngg: 1 diopèni; 2 disimpên.
rumbah: êngg. kn: jêjanganan.
(rumbu): isih [x]-[x] êngg: isih règèng-règèng, durung mari babar pisan.

rumbuk, rumbut: êngg. kn: rungkud, akèh thêthukulane.
rumêgêp: kw: nyandhak, nyêkêl gêgaman lsp; kc. rêgêp.
rumêksa: kn: njaga; kc. rêksa.
rumêmbe: kw: sêmi, tuwuh.
rumêmbês: br: ngêmbês, rêmbês.
rumêntah: k: rumuntuh, (tumiba).
rumênga: kw: krungu.
rumêngkuh: kn: bêcik pangrêngkuhe; kc. rêngkuh.
rumêsêp: kn: 1 mlêbu ing (tmr. barang cuwèr lsp); 2 ngrêsêpake; kc. rêsêp.
rumiyin: k: 1 dhisik; 2 biyèn.
rumil: êngg. kn: tansah ndrêmimil njêjaluk.
rumyang: êngg. kn: rame.
rumujag: kw: nggrujug; kc. rujag.
rumuhun: êngg. k: 1 dhisik; 2 biyèn.
--- 533 ---
rumuntuh ~ rupak.
rumuntuh: n. rumêntah k: tumiba; kc. runtuh.
rumucat: kn: ucul panganggo; kc. rucat.
(rumpak, rumpêk): di-[x] kw: dirusak, dilêbur.
(rumpaka): ng-[x] kn: 1 nyandra kalawan kêkidungan; 2 nganggit têmbang panyandra; rumpakan: 1 panyandra ing têmbang (kêkidungan); 2 têmbang, kidungan.
rumpi: kn: bngs. klambi jas kotang kanggo rangkêpan klambi jas bukak.
rumpil: kn: angèl ambah-ambahane tmr. dalan lsp.
rumpuk: êngg. kn: tumpuk, têtumpukan; di-[x](i): ditumpuk, disungsun; [x]-an: tumpukan, umpuk-umpukan.
rumpung: kn: pothol, sêmpal, gothang.
rumput: k: sukêt.
rumpon: kn: suwakan ing kali sing didèkèki sangkrah-sangkrah kanggo masangi iwak.
runa: kw: rusak, pakewuh; kc. runah.
runah: kw: 1 rusak, pêcah, putung; 2 sêdhih, susah; ng-[x]: 1 ngrusak, mêcah; 2 nusahake.
rundah: kw: sêdhih; kc. rudah.
runjah-runjah: kn: 1 jola-jola tmr. jaran; 2 pc. lincak-lincak marga bungah.
(runjak): ng-[x] êngg: mumbul ngranggèh; kc. lunjak.
(runjang): ng-[x] kn: 1 nrajang, nêmpuh; 2 pc. nrombol mèlu gunêman, melik (ngêsur) pangkating liyan.
runjung: êngg. kn: awangun lancip; kc. brunjung.
rundha: êngg. kn: nganglang ing wayah bêngi; kc. rondha.
(rundhuk): di-[x] kn: arêp ditêmpuh lsp. sarana mlaku alon-alon sarta sêmu mbrangkang; kc. krundhuk.
runtag: kn: 1 êngg. orêg, mawalikan tmr. ombak ing sêgara; 2 gorèh, kuwur atine; ng-[x]-ake: njalari runtag.

runtak: êngg. kn: larahan, rêrêgêd ing lêmah.
runtang-runtung: kn: tansah awor ora tau pisah (yèn mlaku lsp); kc. runtung.
runtik: kw: sêrik, nêpsu.
(runting): di-[x] kw: disuwèk, disuwir-suwir; kc. rontang-ranting.
runtungan: êngg. kn: rontogan.
runtuh: I n. rêntah k: 1 tiba saka ing dhuwur (marga uwal, mrucut, pêthil lsp); 2 tumiba, tumêka tmr. dhawuh; 3 kluron, têrag tmr. wêtêngan; [x] atine: duwe kawêlasan; [x] talake: wêwênange mènèhi talak (pêgat) wis ilang (sapisan lsp); di-[x]-i: 1 ditibani; 2 diwènèhi sih (ganjaran lsp); di-[x]-ake: 1 ditibakake; 2 diwènèhake tmr. talak; 3 ditêragake tmr. wêtêngan. II ng-[x] kn: ngrintih.
(runtung): [x]-[x], rêruntungan kn: tansah urut-urutan, tansah bêbarêngan mlaku lsp.
runtut: kn: 1 rampak, cocog padha gêdhene; 2 (atut [x]) rukun bangêt, anggone jêjodhohan; 2 nunggal laras ora ana sing mênjila; di-[x]-ake: dipêpatut, dilaras.
runtyaka: kw. ak. sêrik, nêpsu; kc. runtik.
runcang-runcung, runcung-runcung, rêruncungan: kn: runtang-runtung, runtung-runtung, rêruntungan.
runcat: kn: rucat.
runya: kw: wc. karunya (wêlas, asih).
rungak-rungak: kn: kagèt njêngêr sarta bingung (wêdi).
rungge: ut. [x]-an êngg. kn: wuli (wulèn).
(runggi): kc. sangga runggi.
runggut: êngg. kn: rungkud.
rungih: ut. [x]-[x], ng-[x] kn: cilik mbangir tmr. irung.
rungkad: kn: ambruk bêdhol saoyode tmr. wit-witan.
(rungkêb): ng-[x] kn: 1 têturon (linggih) raine ungkêb-ungkêb; 2 êngg. caos sing mblandrêng nganti 2 dina ut. luwih; ng-[x]-i: 1 ungkêb-ungkêb karo ngrangkul ut. ngraup; 2 sungkêm bangêt marang, ngantêpi agama, piyandêl lsp; kc. krungkêb.
rungkêt: êngg. pc: rukêt.
rungkil: êngg. kn pating jlêgong tmr. dalan.
rungkud: kn kêtêl sarta akèh thêthukulane; rêrungkud: thêthukulan sing rungkud; mbabadi rêrungkud pr: ngilangi prakara-prakara sing ruwêd.
rungkuk: [x]-[x], ng-[x] êngg. kn: linggih (mlaku) gêgêre mbungkuk.
(rungkup): di-[x] êngg. ditukup, digrudug ing kècu lsp.
(rungu): (n. pirêng k) di-[x] n. dipunmirêng (pirêng) k: ditilingake, digatèkake; dirungoni n. dipunmirêngi (-pirêngi) k: diwèhi wêruh, dikabari; dirungokake n. dipunmirêngakên (-pirêngakên) k: ditilingake supaya krungu; rungon n. mirêngan k: 1 bisa krungu (ora budhêg); 2 swara, uni; (re-) rungonên n. mirêngên k: tansah krasa kaya krungu swara; kc. krungu, kêprungu, pangrungu, prungon.
(rungrum): di-[x] kw: dirêrêmih sarana têmbung manis.
(rungrung): ke-[x]-an kw: gêndhêng marga kedanan.

rungsêb: êngg. kn: angèl ambah-ambahane tmr. dalan; kc. rubês.
rungsêg: êngg. pc: rusak.
rungsit: kw: gawat, rumpil bangêt.
rupa: n. warni k. warna ki: 1 kaanan wêwujudaning apa-apa sing didêlêng; 2 dhapur, wujud; 3 pc. warna (abang, ijo lsp); 4 jinis, bangsa; 5 (a-[x]) awujud; [x]-[x]: warna-warna, akèh warnane; sa-[x]: tunggal rupa, sabangsa (sajinis); sa-[x]ne: sakabèhe, ngrupakake: mujudake, nganakake, nyadhiyakake; rêrupan: maujud.
rupak, rupêk: kn: ora ombèr, ora lêga; 2 ([x] atine, [x] budine, [x] sêgarane) ora gampang ngapura ing liyan; 3 ([x] jagate) judhêg, kêntèkan pasaban; ng-[x]:
--- 534 ---
nyiyutake (ngringkês) jajahaning liyan.
rupa-candra ~ rojah-rajèh.
rupa-candra: kw: candra-sangkala.
rupaka: kw: kc. rumpaka.
rupêk: kn: rupak.
(rupeya): ng-[x] êngg. kn: mrêduli, ngrèwès, nggape.
rupi: êngg. k: rupa.
rupiyah: (ut. [x] putih, [x] rispis) kn: dhuwit salaka sing ajine satus sèn (120 dhuwit); [x] abang (-pêcah, -gobang, -prentah, -têmbaga): rupiyah ajine 100 dhuwit (83½ sèn).
rupini: (S) kw: ayu, endah.
rupit: êngg. kn: rupak bangêt, ciyut bangêt tmr. dalan.
rurah: kw: rusak, bubrah; mang-[x], ng-[x]: ngrusak.
rurêk: kw: rukêt tmr. pêrang; mang-[x], ng-[x]: ngrukêt, nêmpuh.
ruru: I kw: gogrog, rontog, runtuh. II di-[x] kw: digolèki, diupaya; kc. luru.
rurub: kw: lurub; di-[x]-i: dilurubi.
ruruh: I êngg. kn: wanguning praèn sarèh; kc. luruh. II di-[x] êngg. kn: digolèki, diluru; kc. luru.
rus: (W) kn: 1 kêmbang mawar abang; 2 tatanan mata intên.
rusak: n. risak k: 1 wis ora tumata kaya maune, bubrah; 2 lêbur, kuru bangêt tmr. badan, nandhang susah tmr. ati, dhadhal tmr. barisan, ora gêmah raharja tmr. nagara lsp; 3 pc. bubrah tmr. tatanan, nalar lsp; di-[x]: dibubrah, digawe rusak; ka-[x]-an: 1 nandhang rusak; 2 samubarang sing rusak.
rusban: êngg. kn: rêsban.
rusêg: êngg. kn: rêsêk.
rusiya: êngg. kn: 1 wêwadi, wadi; 2 agawe onar sarana laku kang winadi.
rusiku: kw: saru-siku.
rusit: kw: gawat; kc. rungsit.
rusuh: n. rêsah k: 1 ora tata, tanpa tatanan; 2 êngg. pc. crobo, rakus, kêmproh; 3 ala bangêt tmr. kalakuan; 4 rêtu, ora têntrêm tmr. nêgara lsp; rêrusuh: rêrêtu, ontran-ontran; ng-[x]-i: 1 êngg. pc: ngrêgêdi, njalari crobo; 2 ngrigoni, ngrêridhu, makewuhi; 3 (ut. ng-[x]-ake)

njalari rusuh, mbubrah katêntrêman; rêrusuhan: 1 kalakuan sing ora bêcik; 2 gegeran, ontran-ontran.
rut: I êngg. kn: kabèh, kabèh katut. II di-[x] kn: ditalèni singsêt, ditalèni karo saka lsp.
rucah: kn: para, asor (tmr. kaanan, barang, pangkat lsp).
rucat: kn: 1 uwal saka gêgandhèngane; 2 êngg. cucul panganggo; 3 sèlèh pangkat, lèrèh; di-[x]: 1 diuculi (diuwali, dicopoti); 2 dilèrèhi, dipocot; 3 (ut. di-[x]-i) dibukaki sandhangane.
rucêk: kn: ora cêtha las-lasan tmr. tulisan.
ruci: êngg. kn: ringas, gampang nêpsune.
rucira: (S) kw: 1 sumorot, mêncèrèt; 2 endah, nêngsêmake.
rucuh: êngg. kn: bngs. rujak.
(ruwag): [x]-[x] kn: ora tata; di-[x] êngg: dirucat, disêmploki; kc. ruwèg.
Ruwah: kn: sasi kang kawolu (mangsane wong ngirim mênyang kuburan); dhèk-[x]-e êngg: jênate; [x]-an: slamêtan ing sasi Ruwah.
ruwat: kn: 1 luwar saka ing panênung (pangêsot, wêwujudan sing salah kêdadèn); 2 luwar saka ing bêbandan paukumaning dewa; di-[x]: 1 disarati murih luwar saka panênung lsp; 2 diluwarake saka bêbandaning dewa sarana slamêtan lsp; 3 dipatèni tmr. kewan lsp. sing mbêbayani; [x]-an: slamêtan lsp. prêlu ngruwat.
ruweda, ruwida: kw: rubeda, rêribêd.
ruwèg-ruwèg: kn: reyab-reyab ut. pating slêmbrèh ora tata.
ruwèh: êngg. kn: boros, sênêng ngêcèh-êcèh dhuwit lsp.
ruwêd: kn: 1 bundhêt tmr. bolah lsp; 2 kisruh ut. angèl paniti priksane tmr. prakara lsp; 3 êngg. bingung, kuwur tmr. ati.
ruwêd-rêntêng: kn: rêrêtu prakara sing njalari rêntênging nêgara lsp.
ruwid: êngg. kn: kêbak thêthukulan (sukêt lsp].
ruwida: kw: rubeda, rêribêd; kc. ruweda.
ruwiya: kw: crita, dongèng.
ruwing: [x] kupinge êngg: sumruwung, brêbêg.
ruwit: êngg. kn: 1 canthukan cilik; 2 alus ngrawit.
ro: n. kalih k: linggane têmbung loro; kc. loro, rong.
rob: I kn: mbuwal mundhak gêdhe tmr. banyu sagara, banjir; ang-[x] kw: mbanjiri, nglubèri; di-[x]-i br: 1 dibanjiri, dilêbi, diblêbêg ing banyu; 2 diwèhi sih lsp. akèh bangêt, dikrubut akèh; ka-[x]-an br: 1 kêbanjiran, kêlêban; 2 kawenehan sih lsp. akèh bangêt, kêwratan, dikrubut ing akèh. II êngg. kn: eyub, ayom.
(robah): I [x]-[x] kn: 1 barang-barang sing gêdhe-gêdhe ngêbak-êbaki papan; 2 pêpanganan sing kasar-kasar. II di-[x] êngg. pc: diowahi, diganti; [x]-an: owah-owahan; kc. brubah.
robaya: kw: aku, -ku.
robak-rabèk, robat-rabèt: êngg. kn: padha suwèk pating sluwir.
robèt: êngg. kn: 1 suwèkan gombal; 2 girik, dluwang suwèkan langgo ciri; di-[x] êngg: dibage-bage manèh tmr. sawah lsp.
robyong: kn: alèn-alèn (gombyok bêling lsp) dianggo rêrênggan ditata pating kranthil; di-[x]: dirêngga ing robyong.

rod: kw: surud tmr. banjir lsp.
roda: ut. [x]-paripêksa, [x]-pêksa kn: tindak panjiyat kanthi pêksa; di-[x] br: dipêksa; di-[x]-pêksa, di-[x]-paripêksa: dipêksa, dijiyat.
rodok: êngg. pc: rada.
rodra: (S) kw: galak, nêpusu[8] bangêt, mêmêdèni.
rojah-rajèh: kn: suwèk (tatu) kaya ajur.
--- 535 ---
(rojèng) ~ ronggah-ronggah.
(rojèng): ng-[x] êngg. kn: nyolong pari sing isih ana ing sawah sarana dibabadi.
rojod: êngg. kn: bojod, rujad.
rojoh: êngg. kn: dhuplak kinang.
(rojong): ng-[x](i) kn: njurungi, mupakati, nayogyani, ngombyongi.
rodha: kn: 1 glindhinganing kreta lsp; 2 êngg. bngs. grobagan cilik; [x]-kamprèt êngg. kn: keseran.
rodhong: kn: aling-aling ing tanduran têmbako; kc. krodhong.
(rog): di-[x] kn: dioyag-oyag (supaya wohe lsp. tiba) kc. rogrog.
roga: (S) kw: lara.
rogadi: (S) kw: lêlara.
rogêl: (W) kn: ar. rêricikaning mungsik.
rogul, rogol: êngg. kn: runtuh, tiba; kc. rigol.
(rogoh): ng-[x] kn: nglêbokake tangan ing kanthongan lsp. arêp njêjupuk; di-[x] atine: dijajagi, diwêruhi atine.
(rogok): ng-[x] êngg. kn: pawakan kuru dêdêge lêncir.
rogrog: êngg. kn: gogrog, runtuh; udan [x] asêm: udan sing mung sagrabyagan sarta tlêthiking banyu agal-agal; [x]-an: ndrodhog marga lara kadhêmên.
roh: (A) kn: 1 dat sing mawa budi ora kêna ginayuh ing pancadriya; kyt: malaekat, setan lsp; 2 jiwa, badan alus.
roham-rahèm: êngg. kn: bubrah, rusak pating jlêmpah.
rohani: (A) kn: kang awujud roh.
rohot: êngg. kn: rusak, bubrah.
royah-royah: pc: ora tata, grusa-grusu.
royak-rayèk: pc: reyak-reyok, wis bubrah pating sêngkayig.
royal: kn: sênêng mbuwang dhuwit ut. nglakoni maksiyat.
(royo): (ijo) [x]-[x] kn: ijo ênom sumringah.
(royok): rêroyokan êngg. kn: tumandang ing gawe bêbarêngan wong akèh; kc. kroyok.
royom: I êngg. kn: ayom, eyub. II êngg. kn: cocog, golong rêmbug; di-[x]: dirubung; (re) [x]-an: padha jêjagongan omong-omongan.
(royong): di-[x]-([x]) kn: diangkat (diusung) bêbarêngan wong akèh; kc. gotong-royong.
royot: êngg. kn: rayat, wong sing kabawah.
rok: I kw: têmpuh arukêt; a-(ma-) [x], ng-(mang-[x]) [x]: nrajang, nêmpuk, ngamuk. II (W) kn: ar. klambi dawa.
rokèl: êngg. kn: pating brêndjul tmr. dalan.
roki: (W) kn: ar. klambi dawa; kc. rok II.

rokok: kn: lintingan têmbako dianggo udud; ng-[x]: 1 nglinting rokok; 2 êngg. sênêng udud; 3. êngg. udud.
rokrokan: êngg. kn: jelungan.
rol: I ut. pulisi rol (W) kn: ar. pangadilan kang mriksa prakara palanggaran cilik-cilik; di-[x]: 1 diladèkake ing pangadilan rol; 2 êngg. dirolis. II (W) kn: gulungan.
rolah, rolak: (W) kn: 1 bata kang ditata ngadêg ing sadhuwuring palanging kori lsp; 2 êngg. tanggul cilik kanggo amping-amping.
rolas: n. kalih-wêlas k: 12.
rolikur: n. kalih-likur k: 22.
(rolis): (W) kn: nacahake kuli nyambut gawe; di-[x]: 1 diwilang (diundangi) jênênge tmr. kuli nyambut gawe; 2 êngg. dicacahake jiwane.
roma: (S) êngg. k: rambut.
(romah): kc. rumah.
romal: êngg. kn: ikêt.
(rombah): ng-[x] êngg. kn: golèk iwak mênyang sêgara bêbarêngan wong akèh.
(rombak): di-[x] kn: dibubrah, dibubrah banjur diganti.
rombang-rambing: kn: rontang-ranting, pating sruwèk.
rombèng: ut. [x]-an kn: gombalan; kc. prombengan.
rombong: kn: 1 êngg. bngs. tenggok gêdhe; 2 èngg. pc. aling-alinging têtuwuhan sing lagi tuwuh; kc. srumbung.
rome: êngg. pc: rame.
(romès): ora di-[x](i) pc: ora dirèwès.
romot: êngg. kn: barang-barang sing rêgêd ora kanggo.
rompang: kn: ompong, padha pothol tmr. untu, jungkat lsp.
rompi: (W) kn: bngs. klambi rangkêpan.
rompyo, rompyoh: [x]-[x] kn: katon kêtêl krêmbyah-krêmbyah.
rompok: kn: 1 gubug cilik; 2 êngg. pc. pondhok, omah.
rompot: kn: rungkud, mawa wulu pating jlêbud.
ron: I k: godhong. II êngg. pc: congkrah sêrik-sêrikan; kc. êru.
(ronjat): ng-[x]-i êngg. kn: nglunjak ngranggèh.
(ronje): ng-[x] kn: lêncir cilik tmr. dêdêg-piyadêg.
rondha: êngg. kn: nganglang ing wayah bêngi; kc. rundha.
rondhe: I kn: rêndhêt, rêmbên, randhat. II kn: glindhingan kêtan dianggo ampas wedang.
rondhon: êngg. kn: godhong.
rono: êngg. pc: mrono.
rontang-ranting: kn: padha suwèk pating sluwir.
rontèk: kn: gêndera cilik alandheyan tumbak.
rontog: kn: gogrog kabèh tmr. wowohan lsp; [x]-atine: runtuh kawêlasane.
(ronce): ng-[x] kn: 1 nganggit kêmbang, mêrjan lsp; 2 ngandharake, nyritakake njlèntrèh; (re-) roncèn: 1 anggitan (karangan) kêmbang lsp; 2 andharaning crita sing nglantrah.
ronyok: (suwêng) [x] kn: suwêng mawa mata intên gêdhe-gêdhe.

rong: I n. kalih k: 2 (kanggo wilangan ana ingarêp, up. [x] iji, [x] puluh). II kn: lèng sing gêdhe, up. [x] ula, [x] yuyu, ngê-[x]: mlêbu ing rong.
rongèh: kn: ora antêng, tansah polah.
ronggah-ronggah: kn: gêdhe dhuwur dhadhane jêmbar tmr. pawakan.
--- 536 ---
rongge ~ sabên.
rongge: ut. [x]-an êngg. kn: wuli, wulèn.
ronggèng: êngg. kn: tlèdhèk.
ronggos, ronggot: êngg. kn: rungkud, runggut.
rongkob: kn: pêtêng dening rungkud ut. akèh wit-witane sing gêdhe-gêdhe; ng-[x]: tumêlung nutupi tmr. wit-witan sing gêdhe.
rongkong: kn: balung gêgêr dalah saigane pisan; rêrongkongan: 1 bêbalungan; 2 jêjrangkongan.
rongrongan: kn: guthêkan sêla-sêlaning cagakan omah; kc. ngrongrong.
ropal: kn: nopal.
(ropeya): di-[x] êngg. kn: digape, diopèni.
ropèk: kn: ringkih.
ropêl: I êngg. kn: dhobêl, rangkêp. II (W) kn: bngs. pasah.
(ropyan): I [x]-[x] kn: padha kasukan mangan enak. II di-[x]-i êngg: diopèni.
ropoh: êngg. kn: pagêr mawa êrèn, rêrèncèkan lsp; di-[x]-i: dipagêri ing ropoh.
roro: kw: loro.
ros: kn: 1 singgêtaning têbu (pring lsp); 2 athik-athikaning bêbalungan, gêgêlitan; 3 lajêring prakara, rêmbug lsp; di-[x]-i: dikêthoki saka sa-ros; sing di-[x]-ake lara apa: apa sing dadi lajêring lara; kc. rosan, rosrosan.
rosa: kn: 1 kuwat; 2 duwe kakuwatan sing ngluwihi; 3 bangêt, kêluwih-luwih, sugih; dirosani: disêntosani, dipêksa.
rosan: k: têbu.
rosok: kn: wis rusak marga lawas; [x]-an: barang sing wis bubrah (rusak).
rosrosan: kn: gêgêlitan, athik-athikan.
rostêr: (W) kn: 1 bngs. cêndhela (pintu angin); 2 tarip, daftar.
rota: kw: galak, mêmêdèni.
rotan: 1 êngg. kn pênjalin; 2 ki. têkên.
roti: kn: ar. panganan sing digawe gandum dipan.
rotuh: êngg. kn: runtuh.
(rot-rot): di-[x]-[x] êngg: diiris-iris, digêrêt-gêrêt.
rocoh: êngg. kn: trocoh.
(rocok): di-[x] êngg: dikrocok.
rowa: kn: 1 ora ringkês; 2 ora climèn tmr. duwe gawe.
rowak-rawèk: kn: pating sruwèk.
rowan: êngg. kn: sapi lsp. sing wis tuwa.
rowang: kw: rewang.

rowang-rawing: kn: padha tatu, padha gowang.
rowe-rowe: êngg: rawe-rawe.
rwa: kw: ro (loro).
rwab: kw: rob.
rwi: kw: êri.

1. Rabu'ssamawati wa'lardi.
2. ngêhaki.
3. dirambahi.
4. ditrajang.
5. disêmpali.
6. nggêgèrèd.
7. kn.
8. nêpsu.

Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 23: S)

Katalog Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75

Sambu Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 01: A). Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #781.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 02: B). Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #782.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 03: Kh). Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #783.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 04: D). Bahasa dan Budaya | Kamus dan

Leksikon #784.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 05: J) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #785.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 06: Dh) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #786.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 07: E) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #787.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 08: Ê) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #788.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 09: G) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #789.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 10: H) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #790.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 11: I) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #791.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 12: Y) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #792.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 13: K) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #793.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 14: L) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #794.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 15: M). Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #795.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 16: N) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #796.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 17: NY) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #797.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 18: NG) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #798.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 19: U) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #799.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75

(Bagian 20: O) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #800.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 21: P) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #801.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 22: R) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #802.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 23: S) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #803.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 24: T) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #804.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 25: C) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #805.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 26: Th) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #806.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 27: W) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #807.
Bausastra Jawa, Poerwadarminta, 1939, #75 (Bagian 27: Z) . Bahasa dan Budaya | Kamus dan Leksikon #808.

S

sa: kn. (atêr-atêr kang atêgês) 1 siji (tmr. ukuran, wêktu, dhuwit lsp); 2 tunggal ut. bêbarêngan, up. wong saomah; 3 (gêdhene, dawane, lsp.) padha karo, up: gêdhene sagajah: 4 kabèh, sakabèhe, up. saanane bae; 5 karo, dalah, up. saanak-bojone; 6 ing nalika, barêng wis, up: sapatine si Suta, satêkane ing Sala; 7 dumunung ing (tmr. papan, arah(up. sakiwane; 8 sabên, up. sadinane tampa rong rupiyah; 9 waton, anggêr, up. sabisane bae; 10 nganti, têkan ing, muput, up. salawase urip, jêrone sadhêngkul.

saambrah: pc. akèh bangêt sarta ora tata.

saandhap: k. sangisor; (ing) Saandhap Sampeyan Dalêm: kanggo sêsêbutane panjênêngane nata.

saandhene: êngg. saupama, mênawa.

saantrah-antrahe: êngg. sasolah tingkahe.

saat: (A) kn. wêktu kang prayoga tmr. ngijabake lsp; kc. sangat.

sab: êngg. pc. jalaran; kc. sabab, sap.

saba: I (ut. sêsaba) kn. 1 lunga mrana-mrana golèk pangan tmr. kewan; 2 kêrêp têka ana ing; di-[x](ni): kêrêp ditêkani (diparani); saban, pasaban: papan sing kêrêp ditêkani (disaba). II (S) kw. ak: 1 pasamuan, paseban; 2 plataran, alun-alun.

sabab: kn. 1 kang dadi jalarane; 2 awit, jalaran; [x] (dene) apa: kapriye jalarane, yagene; [x] dene: jalaran, amarga saka; [x] iku ak: mulane; di-[x]: ditakoni sababe, dianggo jalaran; di-[x]-ake: 1 dianggêp dadi sabab (jalarane); 2 dianakake marga saka.
sababag: kn. padha têtandhingane; kc. babag.
sabaene: n. sabaenipun k: (dudu [x]) ora lumrah; kc. bae.
sabaya: (S) kw. ak. wêdi, kagèt.
sabaya-pati: n. sabaya-pêjah k. sarujuk tumêka ing pati.
sabak: kn. ar. watu warnane klawu digawe grip lsp, watu panulisan.
saban: I (ut. pasaban) kn. papan sing kêrêp disaba; kc. saba. II kn: sabên. III (A) kn: sasi Ruwah.
sabar: (A) kn. 1 sarèh ênggone nandhang, ngarêp-arêp lsp; 2 ora cêpak nêpsune; di-[x]-i, di-[x]-ake: disarèhake, ditahan kalawan sabar; ora-[x]-an: cêpak nêpsune.
sabar-drana: kn. sabar.
sabat: I kn. murid; kc. sakabat. II kn. ak: dina Sabtu.
sabawa: kn. swara, uni.
sabda: (S) kw. swara, gunêm, têtêmbungan; ina [x] pr. kelangan ora sêsaid; kaluhuran [x]: wis kalah padune; mêdhar [x] br: sêsorah; nabda, manabda: clathu; di-[x]: didadèkake apa-apa srana kuwasaning têtêmbungan; disabdani, disabdakake: disotake.
sabe: ora [x] êngg. ora tahan, ora sae.
sabêg: êngg. k. warêg.
sabên: kn. 1 siji-sijine, anggêr, up. [x] wong; 2 ing dalêm sa- ... up. [x] dina, [x] minggu; 3 (adat [x], [x]-e) sing wis
--- 537 ---
kêrêp tumindak, sing lumrah; [x]-[x]: kêrêp.
sabêt ~ sadhêg.
sabêt: 1 kn. gitik dawa sarta lêmês; 2 ki. pêdhang; nyabêt: 1 nggitik nganggo sabêt; 2 ki. mêdhang; 3 pc. nibakakake kêrtu (ing nalika main); 4 pc. mrabot, sarwa pêpak uba-rampene; [x]-an: 1 gênti nyabêt; 2 patraping dhalang nglakokake wayang.
sabêt-sapon: kn. ak. 1 pakarangan; 2 tangga.
sabil: (A) kn. 1 (pêrang [x]) pêrang karana nglabuhi agama (mungsuh wong kapir); 2 nyandhêt hawa napsu; mati [x]: 1 mati marga nglabuhi agama; 2 mati duwe anak; di-[x]-i: dilawan tmr. piala.
sabilullah: (A) kn. (dalaning Allah) karana karsaning Allah.
sabin: k. sawah.
sabit: (A) kn. ora owah gingsir.
sablug: dandang [x]-(an) kn. bngs. dandang sing digawe blèg; kc. sambogên.
sabuk: I kn. paningsêt ki: apa-apa sing diubêdake ing bangkekan minangka têtalining bêbêd lsp; di-[x]-i: diubêdi (disingsêti) ing sabuk; [x]-an: 1 nganggo sabuk; 2 apa-apa sing saèmpêr sabuk. II kn: takêran bêras = 5 kati.
sabuk èpèk: êngg. kn. sêtagèn.
sabuk cotha: - wala kn. bêbêdan jarite sing saparo dianggo sabuk.

sabun: kn. 1 kênthêlan campuraning bngs. gajih (lênga) karo bngs. landha dianggo ngrêsikake kumbahan lsp; 2 ar. panganan sing digawe gêdhang lsp; di-[x]: dirêsiki nganggo sabun.
sabran, sabrèn: êngg. kn. 1 sabên; 2 sabên-sabên (kêrêp).
sabrang: I kn. 1 têpining kali (sêgara) ing sisih kana; 2 (tanah [x]) tanah-tanah sajabane sêgara (sajabane tanah Jawa); bangsa (wong) [x]: wong ngamanca (asal saka sajabane tanah Jawa); godhong [x] godhong lombok (yèn pinuju dianggo têtamba); nyabrang: 1 ngambah (nasak) banyu; 2 mênyang ing sabrang; di-[x]-i: diambah (disasak) tmr. kali banyu lsp; di-[x]-ake: 1 digawa nyabrang; 2 dipraokake; [x]-an: papan kang disabrangi dianggo nambangake. II êngg. kn: bngs. kêtela; [x] gabus: kêtela kaspe. III êngg. kn: lombok.
sabruk: êngg. pc. kathok kanggone yèn pinuju turu.
sabsab: kw. ak. maling.
sabtu: (A) kn. dina kang kapitu; kc. Sêtu.
sachabat: (A) kn. ak. murid.
sad:(S) kw. nêm.
sada: I kn. balunganing blarak; [x] lanang: sada ut. sabêt sing dianggêp duwe kasiyat. II êngg. kn: rada.
sadaya: k. kabèh.
sadak: kn. conthongan suruh ing jêrone ana ênjête; [x] gêlung; bngs. susuk kondhe.
sadana: (S) kw. sarana, dhuwit, bandha.
sadara: (S) kw. ak. urmat, andhap-asor, sumèh, sumanak.
sadarga: kw. panyana, kira-kira.
sadariyah: kn. ar. sandhangane wong lanang Arab.
sadarum: kw. kabèh.
sadarpa: kw. kc. darpa.
sadasa: k. sapuluh.
sadat: pc. tandhaning pangandêl; di-[x]-ake: dikon ngucap sadat; kc. sahadat.
sade: k. 1 dodol; 2 adol.
sadi: I êngg. saka, sangka. II êngg. pc: rada.
sadu: I (ut. sêdadu) kw: gunêman marang; disadoni êngg: 1 diwangsuli; 2 diaruh-aruhi kalawan manis. II (S) kw: 1 utama bangêt; 2 wong suci.
sadulur: n. sadhèrèk k. 1 sanak (tunggal sing nurunake); 2 kang tunggal wong tuwa (bapa biyung); 3 ak. ari-ari, kawah lsp; 4 (ut. [x]-an) mitra, kanca; [x] asu ks: sadulur tunggal biyung; di-[x]-ake: dianggêp (didadèkake) sadulur; [x]-an: 1 sêsrawungane kaya sacaraning sadulur; 2 sanakan, mêmitran.
sadur: I kn. kc. sadhur. II êngg. kn: 1 ganjêl; 2 banjêl, sêsulih.
sadpada: (S) kw. (asikil nênêm) tawon.
sadrah: ora [x] ing angin kw. ora mantra-mantra (sathithik bangêt).
sadran: êngg. kn. Ruwah (Saban); nyadran ([x]-an): slamêtan ing sasi Ruwah nylamêti para lêluwur (kang lumrah ana ing kuburan ut. papan sing kramat ngiras rêrêsik tuwin ngirim kêmbang).

sadrêsa: (S) kw. ak. padha, cocog, patut.
sadya: (S) kw. ak. sêdya.
sajak: kn. 1 êngg. pantês, mungguh; 2 cengkok, solahbawa; 3 sêmu, sêmu-sêmune, katone kaya.
sajarah: kn. kc. sêjarah, sujarah.
sajèn: (ut. sêsajèn) kn. kêmbang, panganan lsp. kang disajèkake marang lêlêmbut; kc. saji.
sajêg: (-jumblêg) kn. salawase urip.
sajêng: êngg. kn. 1 lêgèn sing digodhog; 2 tuwak, bêrêm.
saji, sêsaji: kn. sêsaos, cêcaos ki. êngg. cêcawis, tata-tata pangan lsp; sumaji br: cumawis, wis disadhiyakake; disajèni: dicawisi kêmbang, panganan lsp. (tmr. lêlêmbut lsp); disajèkake (diosake[1] ki): (panganan lsp) dicawisake marang dhayoh ut.lêlêmbut.
sajiwa: kw. sacumbana.
sajuga: kw. siji.
sadha: kn. mangsa karolas (Mei-Juni).
sadhana: kw. ak. kc. sadana.
sadhang: I kn. ar. wit bngs. palêm. II di-[x]-i kn: dicadhangi, diadhangi.
sadhela: n. sakêdhap k. ora suwe.
sadhèng: êngg. kn. sadhang.
sadhepah: êngg. kn. pawakan gêdhe dhadhane jêmbar.
sadhengah, sadhengaha, sadhengahaneya: kn. apa (sapa) bae ora nganggo pilih-pilih; kc. dhenga.
sadhêg: (ut. [x]-an) kn. 1 êngg. uwur têmbako (rokok); 2 bubukan jamu; kc. sêdhêg.
--- 538 ---
sadhêgan ~ saya.
sadhêgan: êngg. ki. janggut.
sadhêl: (W) kn. lapak (ing pit).
sadhèrèk: k. sadulur.
sadhiya: kn. wis cumawis, wis cumêpak; disadhiyani: dicêpaki, dicawisi.
(sadhu): di-[x] êngg. kn. ditanduri pari (ing mangsa katiga); sadhoan, sadhon êngg: tanduran pari ing mangsa katiga.
sadhuk: I di-[x] êngg. kn. diantêm wêtênge, dikêbuk; kc. cadhuk. II (W) pc: kacu, sap-tangan.
sadhur: di-[x] kn. didus ing slaka, mas lsp.
sadho: êngg. kn. bngs. kreta arodha loro.
sae: I kn. ora duwe rikuh (isin); saèn ora isinan. II k.: bêcik.
saeka-kapti, saeka-praya: kw. sarujuk, golong pikir.
saekong: êngg. kn. bngs. pohung.
saemba, saèmpêr: kn. mèmpêr, kaya.
(saèng): di-[x]-[x] kn. digawe beda-beda.
saèngan: êngg. kn. bêbarêngan, lêlayaran.
saengga: êngg. kn. 1 nganti, kongsi; 2 kaya, saèmpêr; 3 (ut. saenggane) saupama.

saengkrah-engkrahe, saentrah-entrahe: êngg. pc. saparipolahe, satindak-tanduke.
saèngkrègan: pc. mung sadhela bangêt.
saesuk: êngg. sesuk.
saèstu: k. 1 sida; 2 nyata.
saelah, sak-êlah: pc: yèn diparêngake ing Allah; kc. in sa'Allah.
saêmbrah: pc. kc. saambrah.
saga: kn. ([x] blêndhung, [x] têlik, [x] mas) ar. woh cilik-cilik atos warnane abang (sok dianggo ukuran timbangan mas).
sagah: k. saguh.
sagala: kw. ak. kabèh.
sagantên: k. sagara.
sagara: n. sagantên k. kêndhonganing banyu asin sing jêmbar bangêt nasabi saperanganing bumi; [x] wêdhi: palêmahan jêmbar mung awujud wêdhi: [x] muncar: suwêng jêmblokan mênirane ditrètès intên; budi [x] br: sugih pangapura, awatak momot; jêmbar sagarane: sabar, sugih pangapura; rupak sagarane: ora sabar, nêpson; uyah kêcêmplung [x] (nguyahi [x]) pr: wèwèh marang wong sugih; kêbanjiran [x] madu pr: olèh kabêgjan (sih, pangalêmbana) sing kêluwih-luwih; disagarani: disabari, diwêngku kalawan pangapura.
sagêbyagan, sagêbragan, sagêdhakan iki: pc. ing wêktu iki.
sagêd: k. bisa.
sagêlar sapapan: kn. wis miranti sarta sumadhiya.
sagêm: kn. sa-agêm.
sagnyan: kn. ak. wignyan.
sagu: kn. bngs. wit arèn (wite dijupuk pathine).
saguh: n. sagah k. sanggêm (prajanji) arêp nindakake (nglakoni); di-[x]-i: disanggêmi, dijanjèni.
saguna: (S) kw. ak. utama, kautaman; kc. guna.
sagung: (ut. [x]-ing) kw. kabèh, sakabèhe.
sagunggu: kn. ar. têtuwuhan.
sago: kn. sagu.
sagon: kn. ([x] lêmpit, [x] rambon) ar. panganan.
sagotra, sagotrah: kn. sakula-warga.
sagrabyagan: kn. mung sadhela tmr. udan lsp.
sagrabyasan: kn. mung sadhela bangêt tmr. gamêlan lsp.
sah: I kw. pisah, pêgat, pêdhot; [x] saking: lunga saka; ora [x], tansah: pijêr, têrus bae, ora kêndhat. II di-[x] pc: digosok amrih landhêp; kc. asah. III (A) kn: 1 rêsik, tanpa cacad; 2 wis miturut pêpacaking agama (anggêr-anggêr); 3 wis pundhat tmr. utang, wis dituhoni (dilakoni) tmr. nadar, kaul lsp; di-[x]-i: disauri nganti sah; di-[x]-ake: 1 dipundhatake tmr. utang, dianggo ngêsahi utang; 2 wis dianggêp rêsik (bênêr) tmr. panêmu, piwulang, karangan lsp; 3 dikon niti-priksa, disêmantakake. IV di-[x]-ake pc: disusahake.
saha: (S) kw. karo, lan.
sahab, sumahab: kw. ak. jêjêl, kêbak bangêt, ngèbêki, nglimputi.
sahabat: (A) kn. murid.

sahadat: (A) kn. tandhaning pangandêl; kc. sadat.
sahaya: (S) kw. ak. kanca, rowang.
sahakarya: (S) kw. ak. pitulungan.
sahal: êngg. kn. sakal, sanalika.
saharsa: (S) kw. bungah.
sahasa: (S) kw. pêksa, kanthi pêksan, ambêk wani.
sahasika: (S) kw. ak. pêksa, ambêk wani, cênthula.
sahasra: (S) kw. ak. sèwu; kc. sasra.
sahbandar: kn. ak. panggêdhening plabuhan.
sahid, said: (A) kn. saksi; layang [x]: layang palapuran; mati [x]: 1 mati nalikane duwe anak; 2 mati dadi bêbantêning agama; [x] kawudan pr: saksi (palapuran) sing kurang têrang; sêsahid, sêsaid: nglapurake prakara marang pradata; di-[x]-i: disêksèni.
sahir: alam [x] (A) kn. alam kalanggêngan (akerat).
sahita: (S) kw. ak. binarêngan, sarta.
sahitya: (S) kw. ak. kc. sahita.
sahya: (S) kw. ak. bêcik, endah; kc. sae.
sah-sunah: kn. wis sah babar pisan.
sahwat: (A) kn. 1 pakarêman sacumbana; 2 sacumbana.
said: êngg. kn. bngs. tenggok gêdhe; kc. said, sait.
saiyêg: kn. sarujuk, golong pikir.
saiki: n. sapunika k. ing waktu iki.
saimêt, saipêt, saipit, saiprêt: pc. sathithik bangêt.
saingan: êngg. kn. bêbarêngan lêlayaran; kc. saèngan.
saingga: êngg. kn. saengga.
sairib: kn. mèmpêr kaya, saèmpêr.
(sait:) di-[x] êngg. kn. disêndhal, ditarik; kc. kêsait.
saya: I kn. tansah-mundhak, dadi
--- 539 ---
luwih akèh (bangêt lsp) tinimbang maune. II êngg. kn: wisaya; prau [x] êngg: prau dianggo golèk iwak. III êngg. kn: tulung-tinulung; kc. sraya, rêsaya.
(sayab) ~ sakwèhning.
(sayab): nayab kn. nyênyolong mblundhus ing omah ing wayah awan ut. bêngi.
sayabara: kw. ak. kc. sayêmbara.
(sayad): Idi-[x]-i kn. diirisi (diilangi) koyor-koyorane, kulite lsp tmr. iwak daging; [x]-an: thethelan iwak daging. II di-[x]-ake êngg. kn: dianggo pawadan; [x]-an: pawadan, samudana.
sayaga: kw. wis miranti, wis tata-tata; kc. siyaga.
sayah: kn. êntèk kakuwatane marga kêsêl.
sayak: kn. panganggo awujud lawon lsp. diwiru katèbèngake ing wêtêng kumlèmbrèh têkan ing dhêngkul.
sayaka: (S) kw. ak. panah.
sayan: I pc. saya. II êngg. kn: tulung-tinulung; kc. rêsaya.
sayana: (S) kw. ak. palèrènan, pangason.

sayang: I ênggg. kn. congkok pucuke wujud canggahan. II êngg. kn: susuh. III kn: tukang gawe barang têmbaga. IV (M) êngg: wêlas, mêsakake, owêl.
sayarda: kw. (saya arda) saya bangêt.
sayatin: (A) kn. saèm. lawe gêdhe pating jriwut.
sayêkti: kw. sanyata, têmênan; kc. yêkti.
sayêktos: k. têmên, têmênan.
sayêmbara: (S) kn. 1 ([x] pilih) pamilihing putri sing arêp mundhut garwa; 2 gawe pasang-giri sing sapa bisa minangkani olèh ganjaran putri lsp; 3 pasanggiri kang ginantungan ing ganjaran; disayêmbarakake: digawe sayêmbara.
sayid: (A) kn. Sêsêbutane wong Arab turune Nabi Muhammad.
sayidina: (A) kn. sêsêbutane Kangjêng N. Muhammad, para suci lsp.
sayub: kn. wis rada ngilêr tmr. jangan lsp.
sayuk: kn. rukun, sarujuk; di-[x]-ake: dirukunake, dirujukake.
sayur:(-an) kn. jêjanganan (têtuwuhan saka Eropah).
sayut: I kn. ak. sayuk. II êngg. kn: slendhang; di-[x]: 1 dirangkul; 2 diubêdi, ditalèni; 3 (ut. di-[x]-i) dipêkak tmr. hawa-nêpsu, pêpenginan lsp.
sayoga, sayogi, sayogya: kw. prayoga, pantês, patut.
sayom: êngg. kn. ayon, sabiyantu; di-[x] êngg: diajak ayon.
sak: I (sak-) pc. sa. II (A) kn: sêdhih, lara atine; kc. mêsakake, sak-sêrik. III (W) êngg. pc: kanthongan klambi; di-[x]: dilêbokake ing sak. IV ngêsak-saki pc: nêsak-nêsaki; kc. sêsak.
saka: I n. saking k. 1 nêrangake asale, up. têka [x] Sala; 2 nêrangake ênggone wiwit (kawitane), up. [x] kaca 10 têkan kaca 25; 3 tinimbang karo, up. luwih [x] ngêkat; 4 jalaran, marga, up. [x] kurang pangati-atine: 5 mbaka, sabên, up. dijupuki [x] 6 rupiyah; kc. sangka. II kn: cagak sangganing payon; [x] guru: saka gêdhe papat ing têngah tmr. omah joglo; [x] goco: cagaking blandar; [x] pananggap, [x] rawa: saka sakubênging saka guru cacahe 12; adêg-adêg [x]: mubêng ngganjrêt nganti kaya ora obah tmr. gangsingan. III taun [x] kn: petungan taun Indhu sing wiwite saka jumênênge Prabu Saka (Aji Saka). IV (S) kw. ak: 1 pang; 2 kanca, mitra.
sakabat: (A) kn. murid.
sakabda: (S) kw. ak. taun Saka.
saka desa: (sêsaka desa) êngg. warganing pangrèh desa.
sakadi: kn. ak. 1 kaya; 2 bok mênawa.
sakakala:(S) kw. ak. taun Saka.
sakal, sakala: êngg. kn. sanalika, dumadakan; sakalane êngg: 1 barêng; 2 ing nalikane; kc. kala.
sakala: (S) kw. ak. kabèh, sakabèhe.
sakalaguna: (S) kw. ak. sakabèhing kautaman.
sakaliyan: k. sakloron (lanang wadon).
sakalir: kw. kabèh, sakabèhe, sakèhe.
sakamantyan: kw. bangêt.
sakanti: (S) kw. ak. sumorot.

sakarêng: kw. ak. sadhela.
sakang: êngg. kn. wlakang.
sakat: êngg. kn. wiwit saka.
sakatambe: kw. ak. esuk umun-umun.
sakatha: (S) kw. ak. kreta.
sakedah-kerah:(-e) kn. kabèh sing dikarêpake.
sakesuk: n. sakenjing k. sasuwene wayah esuk.
sakeca: k. kapenak.
saki: (S) kw. ak. 1 wit; 2 rewang wadon, para-nyai.
saking: k. saka.
sakit: k. lara.
saklah: pc. 1 yèn Gusti Allah marêngake; 2 têmênan; kc. insa'Allah.
saklangkung: k. luwih (bangêt).
sakloron: n. sakaliyan k. wong loro lanang-wadon.
saku: I ([x]-an, [x]-ku, [x]-e) êngg: rumangsaku, kiraku, ayake. II êngg. pc: kanthongan, sak.
sakur: I ([x]-e) êngg. kabèh, sakabèhe. II kn. ak: mangan ing wayah bêngi ing sajroning pasa; kc. saur.
sakuthu: (ut. sakuthon) kn. wis sabiyantu rêmbug sumêdya ngraman lsp.
saksana: kw. enggal, tumuli.
saksat: kn. ak. kaya, prasasat; kc. sasat.
sak-sêrik: kn. lara atine, sêrik.
saksi: kn. 1 wong sing nyipati (nyumurupi) tumindaking lêlakon sing dadi prakara; 2 wong sing diêkon nyumurupi têmêning prajanjian lsp; kc. sêksi.
sakta: kw. ak. sênêng marang, karêm, doyan.
sakti: (S) kn. duwe kaluwihan sing ngungkuli kodrat; kc. sêkti.
saktika: (S) kw. ak. kuwasa bangêt.
saktiman: (S) kw. ak. kuwasa (sakti) bangêt.
sakwat: kn. ak. enggal, tumuli.
sakwèhning: kw. sakèhe, sakabèhe.
--- 540 ---
sakwingi ~ salin slaga.
sakwingi: êngg. k. wingi.
sal: I (W) êngg. kn. bngs. rimong. II (W) kn: kamar gêdhe.
sala: I kw. ak. salah, kliru; ka-[x] mana pr: kliru tampa. II (S) kw. ak: omah gêdhe.
(salab): kê-[x]-an kn. ak. kêlèpètan ala, katut didakwa.
salaba: (S) kw. ak. walang.
salad: (ut. sêsalad) kn. (gêni [x]) gêni wêwêlak (njalari kobongan).
salaga: kn. kc. slaga.
salagewa: êngg. kn. nglêgewa; ora [x]: ora nglêgewa, ora nggatèkake.
salah: I kw. sèlèh; sumalah: sumèlèh; di-[x]-i kw. disèlèhi, didèkèki; 2 disêlani tmr. gêndhing ut. têmbang; di-[x]-ake kw: disèlèhake. II di-[x] êngg. kn: disilih. III kn: 1 kliru, ora bênêr; 2 kêluputan, tumindak sing

ora bênêr; di-[x]-ake: diluputake, dianggêp (diarani) salah; kê-[x]-an: kêluputan, kêdosan.
salahasa: kw. ak. 1 gêla, cuwa; 2 kliru tampa.
salah dalih: kw. kliru tampa.
salah dêlêng: kn. ndêdêlêng apa-apa sing dudu mêsthine, ora pati salah dêlêng: ora namatake (nggatèkake).
salah endah: kn. ak. (ora-) ora pati bêcik.
salah gawe: n. salah damêl k. tumindak (nindakake) apa-apa sing dudu mêsthine.
salah gêmèn: êngg. kn. dahuwèn.
salah graita: kn. ak. salah tampa.
salah ilik: êngg. kn. salah dêlêng.
salah kapti: kw. salah tampa.
salah karya: kw. salah gawe.
salah kardi: kw. salah gawe.
salah kêdadèn: kn. 1 lair ora lumrah ing akèh; 2 ora dadi (kêlakon) kaya sing dikarêpake; 3 kliru ênggone matrapake; 4 (ut. salah rupa) malih dadi ala (kewan lsp).
salah mangsa: kn. (udan-) udan sing ora mbênêri mangsa udan.
salah urat: kn. urate owah.
salah pandêlêng: n. salah paningal k. pandêlênge malih (up. alas dadi katon kêdhaton).
salah siji: n.salah satunggal k. yèn ora siji iya sijine.
salah siki: kw. salah siji.
salah surup: kn. salah pandêlêng.
salah tampa: kn. kliru panampane (pangrêtine).
salah ton: (ên) kn. salah pandêlêng.
salah cipta: kw. 1 salah tampa; 2 edan.
salah wèngwèng: (-wèwèng) kn. tumindak (mlaku, nyambut gawe) ora tumêmên (ndadak dolanan lsp).
salak:kn. ar. woh.
salaka: kn. ar. logam warnane putih digawe dhuwit lsp.
salaki-rabi: kn. bêbojoan.
salaku-jantrane: kn. sapari-polahe.
salalune: êngg. sabanjure.
salam: (A) kn. 1 slamêt, têntrêm, rahayu; 2 kurmat; [x] pandonga, [x] pangèstu, [x] taklim: pakurmatan ing layang panganggone miturut unggah-ungguhe wong sing kirim lan sing dikirimi; (se)-[x]-an: têtabean sarana cêkêl-cêkêlan tangan (kaya wong Arab). II kn. ar. wit godhonge ambune sêdhêp dianggo bumbu olah-olah.
salang: I kn. 1 tali (tampar) mrapat dicanthèlake ing pikulan dianggo sanggan ing barang sing dipikul; 2 kolongan pênjalin, pring lsp. digantung dianggo wadhah cêthing, kêndhi lsp; 3 (wong [x]) ak. kuli (tukang mikul). II ([x]-[x], balung [x]) kn: balung sangarêpe pundhak sing gathuk karo balung dhadha. III di-[x]-i kn. ak: disadhiyani dhisik; kc. calang.
salang gumun: kn. ak. gumun bangêt.

salang sêbat: kn. mèh padha.
salang sêngguh: kn. ak. kliru surup, salah tampa.
salang siki: kw. salah siji.
salang suduk: kn. ak. gênti nyuduk.
salang surup: kn. ak. sêling surup, salah tampa.
salang tunjang: kn. tunjang-tunjangan (marga gugup ut. padha mlayu bantêr).
salap: I dipun [x] êngg. kn. disèlèh(-ake). II êngg. k: salah. III satus [x] kw: satus kurang siji (99).
salapan: kn. ([x] dina) 35 dina; [x]-an: slamêtan lêt 35 dina saka ênggone lair.
(salar): sêsalar kn. awèh wêruh; di-[x] diwèhi wêruh, dikandhani; di-[x]-i: dikandhani (diwêling lsp) luwih dhisik (supaya aja nganti kêbacut lunga, diêdol marang liya lsp); [x]-an: 1 beya; 2 êngg. dhuwit pupon saka wong sing dodolan.
Salasa: (A) kn. dina sing katêlu.
salasilah: kn. katêrangan asal-usuling turun.
salat: (A) kn. sêmbahyang (cara Islam); di-[x]-ake: disêmbahyangake (tmr. wong mati).
salawana: êngg. kn. sulaya, padudon.
salawat: (A) kn. kc. slawat.
salju: (A) kn. uwabing banyu sing kênthêl awujud kaya kapuk.
sale: kn. ar. panganan.
salèh: I (A) kn. suci, utama uripe; wong [x]: 1 wong suci; 2 êngg. wong sing mati kalap ing lêlêmbut. II êngg. kn: sale.
saleraman: pc. satleraman.
salèrètan: pc. saclèrètan.
salecun: pc. akèh bangêt.
salêp: (W) kn. tamba sarana dipopokakе.
salêr: kn. siji tmr. rambut lsp; kc. lêr.
salêran: kn. (turu [x]) turu sadhela bangêt; kc. lêr.
salib: (A) kn. kayu mrapat dianggo mênthang; di-[x]: dipênthang ing salib.
saliku: (S) kw. ak. banyu; a-[x]: adus.
salikur: kn. 21.
salin: n. santun k. 1 ganti liya (tmr. sandhangan, jênêng lsp); 2 malih (ganti) kaanan, rupa lsp; di-[x]-i: 1 diganti, diênggoni panganggo liya; 2 diowahi; pi-[x] ak: pêparing awujud panganggo sing isih anyar.
salin gagasan: n. santun gagasan k. katuwuhan gagasan liya.
salin slaga: n. santun slaga k. kalakuane (panêmune) malih.
--- 541 ---
salin-sumalin ~ sambung obor.
salin-sumalin: kn. gonta-ganti, owah-owah.
salingkuh: kn. kc. slingkuh.
salira: kc. slira.
salire, saliring: kw. sakèhe, sakabèhing.
salisih: kn. kc. slisih.

salit: kn. ngêlak bangêt.
salu: êngg. kn. 1 ambèn ing pandhapa; 2 pandhapa.
saluku: ([x] tunggal) kw. linggih sikile slonjor (sêmadi).
salulut: (wor [x]) kw. sih-sinihan (sacumbana).
salok: êngg. kn. kc. salong.
saloka: kn. têtêmbungan kaya dene paribasan ananging ngêmu surasa pêpadhan (pêpindhan).
salong: kn. saperangan ana kang.
saloka wêdhar: kn. ak. undhi.
sam: kn. tanah Siriyah.
sama: êngg. k. padha.
samad: kn. sawab; di-[x]-i êngg: disawabi.
samad-sinamadan: kn. 1 gênti mènèhi sawab; 2 mong-kinêmong.
samadi: kn. kc. sêmadi.
samadya: kw. têngah-têngah, sêdhêngan; kc. madya.
samaja: (S) kw. ak. gajah.
samagama: (S) kw. ak. nunggal, awor, sacumbana.
samaya: kn. kc. sêmaya.
samakita: (S) kw. ak. mêlêng puja, sêmadi.
samak: I êngg. k. klasa. II kn: 1 wlulang sing wis dimangsak; 2 wlulang tapihing layang; 3 dluwang buntêling (tapihing) layang; di-[x]: 1 dimangsak tmr. wlulang; 2 (ut. di-[x]-i) didokoki samak tmr. layang; [x]-an: 1 wis disamak (disamaki); 2 tukang gawe lapak.
samakta: kn. ak. sumêkta.
saman, samang: êngg. pc. sampeyan.
samana: n. samantên k. kèhe padha karo sing ana ing kana; dhèk (jaman) [x]: ing nalika iku (dhèk biyèn).
samanta: I kn. sêmanta. II (S) kw. ak: kabèh, sakabèhe.
samantara: (S) kw. tumuli, dumadakan banjur.
samangke: k. samêngko (saiki).
samangkin: êngg. samangke.
samanya: (S) kw. ak. lumrah.
samapta: (S) kw. wis rampung, wis sadhiya, samêkta.
samar: kn. 1 katon ramyang-ramyang, ora katon cêtha; 2 durung wêruh (mangêrti) kalawan têrang; 3 êngg. mutawatiri, mbêbayani; 4 sumêlang, kuwatir, uwas; di-[x]: disamun, dianggo wadi; ora ka-[x]-an: ora kêkilapan, wêruh (mangêrti) têmênan.
samara: (S) kw. pêrang, paprangan.
samas sawe: êngg. kn. 18 dhuwit (15 sèn).
samasta: (S) kw. ak. kabèh, sakabèhe.
samata: (S) kw. ak. nyata, padha.
sambada: kn. kc. sêmbada.
sambah: kw. ak. sêmbah.
sambang: I êngg. kn. nganglang (rondha) ing wayah bêngi; di-[x]-i: dinganglangi, dirondhani. II kn: lêlara sing têkane dadakan sarta mbêbayani, jênênge warna-warna, kc: [x] kodhok, [x] rimpung lsp; [x]-ên: nandhang lara kêna ing sambang.

sambang lêlês: (-lêlêt) êngg. kn. nggrajag gêtih sabakdane duwe anak.
sambang rimpung: kn. bngs. bèri-bèri.
sambang suwêl: pc. bajingan.
sambarana: (S) kw. ak. sandhangan, panganggo.
sambartaka: (S) kw. ak. rusak, pangrusak, kiyamat.
sambat: kn. 1 njaluk tulung; 2 ngêsah dening krasa lara lsp; di-[x](i): dijaluki pitulungan; di-[x]-ake: dijalukake pitulungan marang liyan; [x]-an: 1 tulung-tinulung ing nalikane ngêdêgake omah, duwe gawe lsp; 2 wong sing disambat.
sambatara: kw. ak. taun.
sambawa: (S) kw. ak. 1 makiki, ana têmênan, ora mokal; 2 (a-[x]) mokal, nglêngkara; 3 kn. ar. rimbaganing têmbung kang olèh panambang -a. (têgêse nglêngkara, upama lsp).
sambega: (S) kn. ak. 1 adrêng, pêpenginan; 2 bagus, utama.
sambekala: kn. kacilakan, alangan.
sambèn: kn. 1 dudu baku (pokok) tmr. pagawean; 2 pc. pawadan; kc. sambi.
sambewara, sambiwara: kw. dêdagangan; bakul [x]: bakul, sudagar.
sambêl: kn. bngs. lêlawuhan sing digawe lombok dibumboni warna-warna; di-[x]: digawe sambêl; nyambêl wijèn: katon pating plêtik putih-putih marga wis wanên tmr. rambut.
sambên: êngg. pc. sabên.
sambêr: I kn. bngs. jaring sing garane dawa. II di-[x] kn: disaut saka ing dhuwur cumlorot (manuk, blêdhèg lsp).
sambêran: êngg. k. pitik.
sambêr-ilèn: (-lilèn, -ilèr, -lilèr) kn. ar. kewan bngs. kwawung êlare ijo gilap.
sambêr-mata: kn. ar. kewan ibêr-ibêran cilik.
sambêt: I k. sambung. II ke-[x] kn: sumaput.
sambi: I kn. karo, kambi; di-[x]: digarap (ditindakake) barêng karo liyane (ora dianggo baku). II pc: kêsambi.
sambilan: kn. 1 kayu sindik ing pasangan sing ngapit-apit guluning sapi lsp; 2 kayu (pring) cagaking tracuk; 3 gandaring kêris sing ora nganggo pêndhok lan ora dikêmalo.
(sambit): di-[x] kn. 1 dibalang; 2 disabêt.
sambiwara: kw. kc. sambewara.
sambu: mowor [x] kn. nylamur dadi têlik lsp.
sambuk: kn. pêcut gêdhe.
sambung: I n. sambêt k. 1 gandhèng, ana gêgayutane; 2 (ut. [x]-an) sing dianggo muwuhi dawa; di-[x]: digandhèng, diundhakake dawane sarana diwuwuhi; di-[x]-i: 1 diwuwuhi murih mundhak dawa; 2 ditutugake tmr. crita, gunêman lsp. II êngg. kn: tanggul; kc. sambong.
sambung obor: kn. 1 tansah dibanjurake (ditêrusake), 2. ditêrusake ênggone saduluran sarana njodhokake anake.
--- 542 ---
samburat ~ samplokan.
samburat: kn. ak. sêmburat.

(sambut): di-[x] kw. 1 dicêkêl; 2 ditampa, ditampani; dipun [x] k: 1 disilih; 2 diutang; nyambut gawe n. nyambut damêl k: nindakake pagawean; ke-[x] kw: 1 kêcêkêl, kêcandhak; 2 (-ing prang, -ing yuda, -ing madyaning rana) mati ana ing paprangan.
sambodana: (S) kw. ujar, pitêmbungan.
sambogên, sambrug: kn. (dandang [x]) dandang gêdhe sing digawe blèg (kukusane irasan).
sambong: êngg. kn. 1 tanggul, bêndungan; 2 (mantri [x]) mantri ulu-ulu (punggawa irigasi); kc. sambung.
sambrama: (S) kw. ak. ngacarani kalawan urmat; kc. manêmbrama, panêmbrama.
samèk: êngg. kn. sarapan; kc. sèmèk.
samepa: kw. kc. samipa.
samêkta: kw. wis miranti; disamêktani: disudhiyani, dicêpaki; kc. sumêkta, samapta.
sumêne: kn. ak. isih tamban (ora kêslêpêk ing mangsa); kc. sumêne.
samêngko: n. samangke k. saiki.
sami: k. padha.
samida: kw. ak. kayu obong.
samin: kn. ar. lênga sok dianggo nyampuri sêga (pangane wong Arab).
samipa: (S) kw. 1 cêdhak, sandhing; 2 têpi, pinggir.
samir: I kn. godhong gêdhang diwangun bundêr (bundêr lonjong) dianggo tutup ut. lèmèk lêlawuhan; 2 bludru (sutra) ambane kurang luwih satêbah dilêmpit kandêl ing bontose nganggo gombyok (dianggo kalung para abdi-dalêm kraton); 3 êngg. gubah; 4 pinggiraning klambi kêbayak sing ngarêp; [x]-an ak: rèmèh, sapele. II êngg. kn: lapur kêmalingan lsp.
samirana: (S) kw. angin.
samita: kw. ngalamat, tandha; kc. sasmita.
samya: kw. padha; kc. sami.
samubarang: n. samukawis k. sakabèhe barang.
samudaya: (S) kw. sakabèhe, samubarang; samudayanipun êngg. k: sakabèhe.
samudana: (S) kw. 1 ujar manis (polatan sumèh); 2 ujar lêlamisan, pawadan, sêngadi; di-[x]. 1 disamun ing ujar (polatan) manis; 2 ditanggapi kalawan manis (bêcik).
samudra: kw. sêgara; kc. samodra.
samuha: (S) 1 kw. pakumpulan, gêgolongan, kabèh; 2 kn. ngêngrêng, katon sarwa bêcik; kc. samoha, samuwa, sêmuwa.
samukawis: k. samubarang.
samun: kn. 1 sêpi, ora rame; 2 suwung; 3 ora kêtara, ora katon cêtha; 4 êngg. tanpa karkat, katon kêmba; di-[x]: disamar, digawe murih ora kêtara; nyamun laku: nindakake apa-apa kalawan dhêdhêmitan.
(samur): di-[x]: 1 kw. disamar; 2 disamun, digawe murih ora kêtara; 3 kn. dianggo tumandang ing gawe (dolanan lsp) murih ilanga susahe (murih ora tansah kèlingan bae).

samuwa: kn. ngêngrêng, katon sarwa bêcik; disamuwakake: 1 diramèkake, digawe sarwa samuwa; 2 êngg. dikêpyakake (digêbyagake) tmr. wayang wong lsp.pasamuwan:1 pakumpulan; 2 pakehan, karamean ing pista lsp.
samoda: (S) kw. ak. bungah.
samodana: (S) kw. kc. samudana.
samodra: (S) kw. sêgara.
samoha: kn. ak. ngêngrêng, katon sarwa bêcik.
sampad: pc. tali ing trumpah, sandhal lsp; kc. srampad.
sampah: êngg. kn. uwuh.
sampak: I êngg. kn. nganti, kongsi; di-[x]-i êngg: digawe rampak; kc. kêsampak. II êngg. kn: kêplèk (mainan nganggo dhuwit). III kn: ar. gêndhing.
sampan: êngg. kn. ar. prau cilik.
sampang: kn. ar. wit apa dene blêndoke (dianggo kêmalo).
(sampar): I di-[x] kn. 1 disarug nganggo sikil; 2 mung digêpok sathithik (ora disatitèkake tmr. maca lsp); [x]-an: klèmbrèhing dodot, klèmbrèhing jarit (tmr. wong wadon sing njogèd). II (ut. [x]-an) êngg. kn: sapu; [x]-an êngg. ki: 1 sikil; 2 sapu, kêlud.
sampat: kw. ak. 1 ganêp, pêpak; 2 rampung, cumawis.
(sampe): I di-[x] kn. dicandhak (disampluk lsp) karo mlaku (sêmu ora kêjarag). II di-[x] kw. ak: dipoyoki, dirèmèhake. III êngg. pc: 1 nganti, kongsi; 2 cukup.
sampeyan: I ki. sikil. II k: kowe.
Sampeyan Dalêm: ki. kanggo sêsêbutane panjênêngane nata.
sampèk, sampik: êngg. pc. 1 nganti, kongsi; 2 cukup.
sampeka: kw. paeka, julig; disampekani: dipaeka.
(sampêr): di-[x] êngg. kn. diampiri.
sampêt: kn. wis tata, cukup; di-[x]-i: 1 dicukupi sakabutuhane; 2 disahi, diboti.
sampil: kn. sikil sapi, wêdhus lsp, (sing wis dibêlèh).
sampir: kn. slendhang (kacu lsp) sing dianggo katumpangake ing pundhak; klambi [x]: bngs. klambi kêbayak; sumampir: gumantung kumlèmbrèh; di-[x]-i: 1 ditumpangi (digantungi) apa-apa sing kumlèmbrèh; 2 dinunuti pagawean (kawajiban); di-[x]-ake: 1 ditumpangake (digantungake) ing (tmr. apa-apa sing kumlèmbrèh); 2 dinunutake marang (tmr. pagawean, kawajiban) lsp; [x]-an: 1 gèntèr (tampar lsp) piranti dianggo nyampirake jarit lsp; 2 pagawean nunutan; 3 êngg. ki. pundhak.
sampyan: pc. sampeyan.
sampyêng: pc. dêdrêg, rame tmr. dolanan.
sampyuh: kn. kalah (mati) barêng.
(sampyuk): di-[x] kn. kêna (ditrajang) ing banyu.
sampyoh: êngg. kn. sampyuh.
samplak: I (sampluk) kn. padha trêp. II di-[x], disampluk kn: dibabit wange (raine) nganggo gêgêring tangan, pênthung lsp.
sampluk: kn. kc. samplak.

samplokan: pc. saêmplokan; kc. êmplok.
--- 543 ---
(samplong) ~ santosa.
(samplong): di-[x] êngg. kn. dibalang, dibêntur.
sampun: I. k. wis, uwis. II. k. aja.
sampur: kn. sondhèr (dikalungake ut. diubêtake ing bangkekan).
sampurna: (S) kn. 1 gênêp, wutuh; 2 tanpa cacad, ora ana kakurangane; disampurnakake: 1 digawe nganti sampurna; 2 dipulihake; 3 dilêksanani tmr. pangarêp-arêp; 4 dirampungake, dirêsikake.
sampriti: (S) kw. ak. mitra, kanca.
samsu: (A) kn. ak. srêngenge.
san: durung (ora) [x] êngg. durung (ora) babarpisan.
sana: I kn. ar. wit kayune digawe dandanan. II kw: papan, panggonan.
sanadyan: kn. têmbung pangikêt sing nêrangake yèn prakara sing disêbutake ing candhake mêngku surasa luwih (bangêt, ora lumrah lsp); ewa dene mêksa ...
sanajan: pc. sanadyan.
sanagi: êngg. k. sanadyan.
sanaya: (S) kw. ak. pakumpulan.
sanak: kn. 1 kula-warga sing wis rada adoh; 2 pc. kawanuhan, mitra karuh; di-[x]: dianggêp sanak, diajak mêmitran; sêsanakan: mêmitran, têtêpungan.
sanalika: kn. sakala, ing wêktu iku uga.
sananta: kn. ar. rimbaganing têmbung (dak + tanduk).
sanatiku: (-mu, -ne) pc. prasan-atiku (-mu, -ne).
sande: 1 k. wurung; 2 êngg. k. wade; 3 êngg. k. sarung.
sandeha, sandeya: (S) kw. 1 gojag-gajêg, tidha-tidha; 2 sumêlang, kuwatir; sandeyan êngg: ayake, bok-mênawa.
sande kala: kn. wayah surup.
(sandêr): di-[x] êngg. kn. dioyak kalawan bantêr; sêsandêran: mlayu (oyak-oyakan) bantêr.
sandi: I (ut. sandik, sandhik) êngg. kn: rada. II kw: 1 wadi; 2 winadi, disamar, disamun.
sandi-asma: kw. jênêng sing disamar ana ing sajroning ukara ing têmbang.
sandika: kn. kc. sêndika.
sandi-upaya: kw. paeka, krenah, kajuligan.
sandi-lata: kn. ar. têtuwuhan.
sandi-sastra: kw. tulisan (aksara) wadi.
sandya, sandyakala, sandyawela: (S) kw: wayah surup.
sanja: kn. madhayoh ana ing tangga prêlu omong-omongan; disanjani: didhayohi; ke-[x] baya pr: kêna ing kacilakan ana ing pasanjan (paran).
sanjang: (k. tutur) êngg: kandha.
(sandha): I disandhakake êngg. kn: digadhèkake tmr. sawah lsp; kc. sendhe. II sandhanên, kamisandhanên kn: susune mrongkol.

sandhal: (W) kn. bngs. cripu.
sandhang: I kn. panganggo; di-[x]: 1 dianggo, ditrapake ing badane; 2 ditêmahi, dilakoni; di-[x]-i: ditrapi panganggo, diwènèhi panganggo; [x]-an: 1 panganggo (jarit lsp); 2 praboting aksara Jawa (wulu, suku) lsp. II kn: kêna luwih saka siji tmr. manah, mbêdhil lsp.
sandhang lawe: kn. ar. manuk bngs. cangak warnane irêng.
sandhang wlikat: kn. kaêtrap sangisoring kèlèk tmr. nganggo kêris.
sandhat: êngg. kn. 1 tali salang; 2 tali dianggo ngrèntèng iwak loh lsp; kc. bandhat.
sandhene: pc. saandhene (saupama).
sandhi: kw. kc. sandi.
sandhing: kn. cêdhak karo, sacêdhake; di-[x]: (ênggone sumèlèh ut. linggih) dicêdhaki.
(sandhung): nyandhung kn. 1 mlaku sikile kêtanggor watu lsp; 2 olèh bathi akèh; di-[x]-i pc: olèh (nêmu) apa-apa sing ora kêjarag; ke-[x] ing rata kêbêntus ing awang-awang pr: kêna bêbaya sing ora kinira-kira; [x]-an: 1 alangan, aral; 2 pc. bêbathèn akèh.
sandhung-lamur: kn. daging kêbo ing dhadha.
sandhung-watang: kn. prakara sing mbêbayani (dadi waril) ora kêna ditêrak.
sandhur: êngg. kn. bngs. badhut, banyolan.
sanega: kw. siyaga.
sanèngga: (-ne) êngg. mênawa, ing saupama.
sanepa: kw. têtêmbungan minangka pêpadhan (pêpindhan): disanepakake: dipindhakake, diupamakake.
sanès: k. 1 liya; 2 seje; 3 dudu.
saniki: pc. k. saiki.
saningga: êngg. kn. mênawa, ing saupama.
saniskara: kw. sakabèhe, sakèhe.
sanityasa: kw. tansah, pijêr.
sanmata: (S) kw. ak. palilah, idin.
sanubari: kw. (têlênging) ati.
santa: (S) kw. sarèh, suci.
santah: kn. wong wadon suci (tmr. agama R.K.).
santak: kn. sêntak.
santan: kn. bubukan kuning dianggo tamba gudhig.
santana: kn. kc. sêntana.
santên: I kn. banyu pêrêsan krambil; [x] kanil: santên kênthêl; di-[x]-i: dicampuri (dibumboni) ing santên. II kn: sangganing kawat rêbab lsp, sanggan tanganan traju, sanggan pangêrêt (blandar); kc. srêntên.
santêr: kn. 1 rikat bangêt tmr. ilining banyu lsp; 2 êngg. rikat ut. kanthi kas tmr. pagawean; 3 br. bangêt tmr. lara.
santi: (S) kw. 1 ak. sarèh, têntrêm, rahayu; 2 (ut. sêsanti) donga, pêpuji (-an); 3 (ut. sêsanti) kêkidungan; sêsanti jaya-jaya: padha mêmuji kamênangan (karahayon).
santiyo: kn. bngs. sutra wêton nêgara Cina.
santika: kw. wasis ulah gêgaman (ing prang).

santun: k. 1 salin; 2 êngg. k. sasi; 3 êngg. k. gambir; 4 êngg. k. sari.
santustha: (S) kw. ak. marêm, lêga.
santo: kn. wong suci (ing agama R.K.).
Santo Bapa: kn. raja pandhita ing Room (agama R.K.).
santog: I kw. katog; 2 kn. ar. pêlêm.
santolan: kn. sangsalan sing dianggo pawadan.
santosa: kn. kukuh, panggah; disantosani: dikukuhi.
--- 544 ---
santri ~ sangkuh.
santri: kn. 1 êngg. batur lanang, batur sing ngupakara rajakaya lsp; 2 murid sinau ngaji ut. sinau agama Islam; 3 pc. têmên-têmên ênggone nglakoni agama Islam; nyantri: 1 êngg. ngèngèr calon mara tuwa; 2 nginêp sawêngi ing omahe mara-tuwa (sadurunge ijab); 3 sinau ngaji mênyang pondhok; disantrèkake êngg: dingèngèrake supaya dipèk mantu.
santwa: (S) kw. ak. têmbung manis; ma-[x]: ngaruh-aruhi.
santya: br. santi
sancaya: (S) kw: 1 kêklumpukan; 2 ar. windu.
sancurna: (S) kw. ak. lêbur, rusak.
sang: kw. têmbung panyilah pakurmatan.
sanga: I (sangang) kn. wilangan 9. II di-[x] kw: digorèng; kc. disangan.
sangadi: kn. sêngadi.
sangahulun: kw. panjênêngan.
sangan: kn. wajan lêmah lsp. dianggo panggorengan sing tanpa lênga.
sangapa: kw. sapa.
sangar: kn. nduwèni daya sing njalari kacilakan (tmr. lêmah, panggonan, dina lsp).
sangara: kn. kc. sêngara.
sangaskara: kw. ak. nucèkake, mbêrkahi, ngubur.
sangat: (A) kn. 1 golongan pêprincèning waktu ing sadina-dinane (sadina diperang dadi 5, sagolongane nganggo dijênêngi asmane Nabi ut. Malaekat); 2 waktu sing bêcik dhewe ing sajroning dina (kanggo ngijabake pangantèn lsp).
sangêt: k. bangêt.
sangga: I di-[x] n. dipunsanggi k. 1 dicuwak (dipadal diduwa) saka ingisor; 2 ditumpangake ing tangan (tmr. piring, pincuk lsp); 3 disanggêmi bakal dianakake (tmr. pangan, pajêg, dhêndhan lsp); 4 dilakoni (tmr. giliran caos, paukuman, dosa lsp), 5 ditahan, dilawan tmr. tindak pêksa lsp); ora kêna di-[x] miring: ora kêna dianggo gampang-gampangan; disanggakake: 1 dianggo nyangga; 2 dikon nyangga pangan lsp; sanggan: 1 apa-apa sing dianggo nyangga (disanggakake). II êngg. kn: wilanganing pari 5 ut. 6 gèdhèng (± 50 kati). III (S) kw. ak: golongan, pêpanthan, sakabèhe.
sangga-buwana: kn. 1 congore putih tmr. kêbo, sapi; 2 ulês klawu dhadhane putih tmr. pitik.
(sanggah): di-[x] kw. disêngguh, dikira.

(sangga-krama): di-[x] kn. diwangsuli (ditanggapi lsp) kalawan sakapenake.
sangga-langit: kn. 1 ar. têtuwuhan; 2 ar. lênga sok dianggo sajèn.
sanggama, sanggami: kw. awor turu.
sangga(-u)wang: kn. 1 (linggih) tangane disanggakake janggut (pipi); 2 êngg. kêrbil.
sanggap: êngg. kn. sanggup.
sanggar: I kn. bngs. langgar, omah dianggo muja sêmadi. II êngg. kn: cêcawangan ngrêmpoyok tmr. cèngèr.
sangga-runggi: kn. sujana (ora pati pracaya); disanggarunggèni: disujanani.
sanggata: (S) kw. ak. pêrang.
sangga-siti: êngg. k. sangga-wêdhi.
sangga-wêdhi: kn. kolongan wêsi lsp. dianggo pancadane wong sing nunggang jaran.
sangga-wêni: êngg. kn. sangga wêdhi.
sanggêm: I kn. sanggup arêp nglakoni; di-[x]-i: disanggupi yèn arêp dilakoni (ditandangi). II [x]-an êngg. kn: wêwênang ndarbèni sawah ing padesan.
(sanggi): k. sangga.
sanggine: êngg. karêbèn.
sanggitan: êngg. kn. sambungan (kayu lsp); kc. anggit.
sanggya: kw. kabèh, sakabèhe.
(sangguh): di-[x] kw. disêngguh.
sanggul: êngg. kn. gêlungan.
sanggup: êngg. kn. saguh, sanggêm; di-[x]-i: disaguhi, disanggêmi.
sanggraha: (S) kw. 1 cawisan, sêsuguh; 2 kêklumpukan; di-[x]: dicawisi, disuguh; kc. pasanggrahan.
(sanggrak): di-[x] kn. diwêtokake gêtihe.
sanggrama: (S) kw. ak. pêrang, paprangan.
sanggrêkan: êngg kn. sanggrokan.
sanggrêng: kn. ar. iwak loh.
(sanggrok): kê-[x] kn. kêpalang ing pang-pang lsp. (apa-apa sing kèli; [x]-an: pang-pang lsp. sing ngêndhêg-êndhêgi.
sanghara: (S) kw. ak. rusak, lêbur, kiyamat.
sangharakalpa: (S) kw. ak. jaman kiyamat.
sangi: kn. jangji, kasaguhan, punagi; disangèni: dikauli, dinadari.
sangit: kn. ambu kaya dene ambune kêbul.
sangiwèn: kw. biyèn; kc. sêngiyèn.
sangka: I 1 kn. kc. sangkan. II n. sangking k: saka. III kw: gong; kc. sêsangka.
sangka dene: n. saking dening k. amarga saka.
sangkal: I kn. garan pêthèl. II di-[x] êngg. pc: dipadoni.
sangkala: kw. kc. sêngkala.
sangkan: I kn. pinangka, asal; tanpa [x]: ora kasumurupan saka ngêndi pinangkane; [x]-paran: pinangka sarta tujuan sing diparani; di-[x]-i: diwiwiti saka. II sangkane êngg: supaya, kongsi.

sangke: kw. ak. saka ing.
sangkèng: kw. sangka ing.
sangkèt: I kn: (kagèt [x]-e) rada kêsliyo boyoke; 2 sanalika kaku marga kagèt. II kn: ar. têtuwuhan godhonge digawe tamba.
sangketa: kw. ak. patêmbayan.
sangkêp: kw. pêpak, miranti; di-[x]-i: dipêpaki.
sangkêr: (walang [x]) kw. pêpalang, kangelan.
sangkin: kw. ak. saya.
sangking: pc. k. saking.
sangkya: (S) kw. ak. cacah, wilangan.
sangklètan: kn. bngs. japitan.
sangku: I kw. bokor, tuwung. II (S) kw. ak: panah.
sangkuh: kn. lêlandhêp ing pucuking wuluh bêdhil; di-[x]: ditojoh ing sangkuh.
--- 545 ---
sangkuk ~ sapocapan.
sangkuk: kn. wungkuk.
sangkul: 1 (ut. sêsangkul) kw. pikulan, sanggan; 2 êngg. kn. wong sing kêbênêr nindakake ayahan mèlu lurah (panggêdhe lsp); di-[x] gawene: direwangi nyambut-gawe, disulihi nyambut-gawe.
(sangkut): di-[x] kn. 1 digèyèt nggubêd (tmr. tali, tampar lsp); 2 dièmbèt-èmbèt, dikatutake ing prakara.
sangkobak: kn. ar. têtuwuhan godhonge digawe jamu.
sangkolan: êngg. kn. sawah warisan.
sangkrah: kn. rêrencekan lsp. sing dianggo ropoh ut. sing kèli ing banyu; di-[x]-i: dipêpêti ing sangkrah.
(sangkrib): sêsangkrib(-an) kw: aling-alingan; di-[x]-i: dialing-alingi.
sanglang: êngg. kn. angsang.
sanglad: (ut. sêsanglad) kw. wêwêlak; kc. salad.
sangli: kn. sêlèn, ora srêg.
(sangling): di-[x] kn. digilapake tmr. êmas.
sanglir: kn. sing siji cilik tmr. pringsilan.
sangluk: êngg. kn. ndhungkluk, tumungkul.
sangu: kn. dhuwit, pangan lsp. sing digawa sajroning lêlungan; disangoni: diwènèhi sangu; sangon, pasangon: apa-apa sing dianggo sangu.
(sangub): di-[x] kn. digawe abang irêng tmr. slaka lsp.
sangut: êngg. kn. wadung.
sangsaya: I kn. saya. II kw: rêkasa, sêdhih.
sangsalan: pc. santolan, pawadan.
sangsam: k. mênjangan.
(sangsang): sumangsang kn. sumèlèh (cumanthèl lsp) ing pang, bondhotan lsp; di-[x]-i ki: 1 dikalungi; 2 dicundhuki; di-[x]-ake kn: disèlèhake lsp. sumangsang ing; [x]-an: 1 êngg. kn: sampiran, pamepean; 2 ki. kalung; 3 ki. cundhuk.
sangsara: kn. urip cilaka (kêtula-tula).
sangsara desa: êngg. (dhuwit) kas desa.

sangsêkarta, sangsêkêrta: kn. basa Hindhu kuna.
(sangsrang): [x]-an, [x]-sungsrung êngg. kn: kêsusu, grusa-grusu.
saudara: kn. mitra (dianggo sêbutan wong ngamanca marang wong Jawa ut. kosok baline sing padha dene ngajèni).
sauga: n. saugi k. êngg. anggêre, samangsa.
(saulon): di-[x]-i kn. 1 diajak gunêman; 2 diwangsuli, disauri.
saum: (A) kn. ak. pasa; kc. siyam.
saur: I kn. wangsulan; sumaur: mangsuli gunêm; di-[x](-i): dibalèkake (disahi) utange; di-[x]-i: diwangsuli, dijawab; sêsauran: nywara timbang-timbangan. II (A) kn: mangan ing wayah bêngi sabakdane jam 12 (ing mangsa Pasa).
saur-manuk: n. saur-pêksi k (saur-kukila kw): mangsuli bêbarêngan.
sausap: kn. sathithik.
(saut): di-[x] êngg. kn. dicêkêl (disambêr lsp) rêrikatan; 2 kw. dicokot.
sauwèn-uwèn: êngg. pc. suwe bangêt.
saokah: (A) kn. ak. landhêp.
saong: ora [x] pc. ora sudi.
saos: I 1 ki. tungguk; 2 êngg. sowan; 3 ki. cawis; di-[x]-i ki: 1 dicawisi; 2 diwènèhi. II (W) kn: ar. lêlawuhan ut. panganan. III êngg. k: bae; kc. bêsaos.
saoto: (C) kn. ar. jangan.
sap:. kn. lapisan, sungsun, tundha.
sapa: I n. sintên k. têmbung pitakon nakokake jênênge wong; di-[x] kn: 1 ditakoni jênênge; 2 (ut. di-[x] aruh) diaruh-aruhi. II (S) kw: supata, sot, sumpah.
sapadang sapanginang: kn. sadhela (sasuwene wong adang, wong nginang).
sapah: êngg. kn. tela kaspa.
sapala: kw. sapele, rèmèh.
sapandurat, sapangu: kw. sakêdhèpan, sadhela.
sapangat: (A) kn. pangèstu, sawab; kc. supangat.
Sapar: (A) kn. ar. sasi Arab sing kapindho; [x]-an: slamêtan ing sasi Sapar.
sap-asta: ki. sap-tangan.
sapata: (S) kw. wêwêlak, ipat-ipat, sumpah; kc. supata.
sapèh: êngg. pc. sapih.
sapele: kn. rèmèh, tanpa aji; disapèlèkake: dirèmèhake.
sapêkêt: kn. rakêt ênggone mêmitran (sêsanakan); kc. supêkêt.
sapêt: êngg. kn. têkan ing, gadhug.
sapi: n. lêmbu k. ar. kewan rajakaya; sapi sapèn n. lêmbu sapèn k: sapi momotan; wong sapi (sapèn): wong nggirèkake sapi momotan.
sapih: kn. 1 pisah, lèrèn ênggone padudon (kêrêngan); 2 lèrèn (mari) ênggone nusu; di-[x]: 1 (ut. di-[x]-i) dipisah, dililihake; 2 (dipêgêng ki) dilèrèni ênggone nusu; [x]-an: bocah sing mêntas disapih.
sapit: kn. piranti dianggo njapit gêni lsp, piranti dianggo nggapit iwak lsp, sikile yuyu lsp. sing dianggo njapit.
saplak: kn. padha trêp, plêk.

sapu: kn. 1 piranti dianggo rêrêsik uwuh lsp. sing digawe sada, duk, sêpêt lsp; 2 êngg. kêlud; 3 gêbug (gitik) dianggo ngukum; [x] ilang suhe pr. kelangan kang dadi paugêran (têtalining sanak sêdulur lsp); di-[x]: 1 (ut. disaponi) dirêsiki nganggo sapu; 2 diukum sarana digêbugi; sapon: 1 apa-apa sing disapu; 2 pc. dhuwit beyane wong dodolan ing warung lsp.
sapu-dhêndha: kw. 1 gêbug, gitik; 2 paukuman, siksa, bêbêndu.
sapu udhar: (-wêdhar) êngg. kn. 1 udhar; 2 panduman nggarap gawe ing padesan.
sapunika: k. saiki.
(saput): di-[x]. kn: 1 (ut. di-[x]-i) disasabi, ditutupi; 2 diusar-usari ing pupur lsp; di-[x]-i: disampêti sakabutuhane.
sapu-tangan: kn. sapu-asta ki: kacu; kc. sap-tangan.
saput-dhêngkul: kn. têkan ing dhêngkul (sadhêngkul).
saput-lêmah: n. saput-siti k. wayah esuk rêpêt-rêpêt.
saput-pranti: kn. (sa-[x]-ne) saubarampene, kabèh.
sapocapan: kn. gêgunêman, omong-omongan; kc. ucap.
--- 546 ---
sapragi(-ne) ~ sari.
sapragi: (-ne) kn:sauba-rampene kabèh.
saprantu: kn. ar. wit wohe digawe jamu.
saprêtitala: kw. ar. têmbang gêdhe.
sapta: I (S) kw. pitu. II kw. ak: doyan, sudi; kc. sakta, sêkta.
sap-tangan: kn. sap-asta ki. kacu.
Saptu: (A) kn. dina sing kaping nêm; kc. Sêtu.
sar: mak [x] kn. rasaning ati kagèt.
sara: I (S) kw. panah. II (S) kw. ak: blumbang, tlaga. III (S) kw. ak¨1 pathi, galih; 2 kukuh.
sarab: I kn. ar. lêlaraning bocah cilik. II di-[x] kn: dicaplok (ing iwak loh); kc. sarap.
saraba: (S) kw. ak. bngs. kidang.
sarabuta: (S) kw. ak. juru wuruk (kusir).
sarad: êngg. kn. seredan (piranti dianggo nggawa kayu lsp); di-[x] êngg: disèrèd, digèrèd; [x]-an êngg: pagawean aradan.
saradan: kn. lageyan (kamanuhan) sing ora bêcik.
saradula: kw. ak. macan; kc. sardula.
sarajiwandana: kw. ar. têmbang gêdhe.
saradhadhu: kn. prajurit.
saraf: (A) kn. kc. sarap.
sarag: kw. ak. 1 kêsusu; 2 sêrêng, muring; tan a-[x]: sarèh, sabar.
saraga: (S) kw. sêngsêm, kêsêngsêm.
sarag-sarug: êngg. kn. sêrêng, bêngis.
sarag-sèrèg: êngg. kn. maju.
sarah: I kn. 1 uwuh, larahan; 2 gêgodhongan lsp. sing ora kopèn; di-[x]: 1 diêntas saka ing banyu; 2 diênut ing sakarêpe; kc. sumarah. II êngg. kn: panduman olèh-olèhane misaya iwak lsp; (sarah-) [x]-an

êngg: srah-srahan (pawèwèh barang-barang marang pangantèn). III (A) kn: katêrangan babagan agama Islam.
saraya: kc. sraya.
sarayuda: kn. 1 êngg. palaku, kongkonan; 2 ar. gêndhing.
sarak: I (A) kn. anggêr pranataning agama; murang [x]: 1 nêrak pêpacuhing agama; 2 pc. nakal; ngenaki [x] pr: tumindak ing sasênênge, nggampangake nalar. II êngg. kn: kêthaha, srèi.
sarana: kn. 1 apa-apa sing dianggo lantaran (sarat, piranti lsp); 2 alantaran; kc. srana.
saranangga: êngg. kn. tikus.
sarandu: kn. ([x] ning awak) awak sakojur, badan kabèh; kc. srandu.
sarani: êngg. kn. kristên; kc. nasarani, srani.
saranta: n. sarantos k. sarèh, sabar, ora kêsusu; kc. sranta.
sarang: I êngg. kn. 1 (ut. [x]-an) garangan; 2 yèn didèkèki banyu (lênga) enggal asat tmr. kwali, wajan lsp; 3 ngêrak (garing) bangêt tmr.lêmah; 4 tanjêge ala tmr. pakarangan ut. omah; 5 ([x] anak) anake akèh sing mati; 6 (ut. [x]-an) nam-naman blarak awangun wadhah arêng lsp. II di-[x] êngg. kn: 1 disingkiri, disirik; 2 ditulak sarana donga tmr. udan lsp. III 1 êngg. kn: susuh; 2 ([x] burung) susuh manuk lawèt (dianggo tamba kuwat lsp).
sarangan: kn. ar. woh.
sarangi: (A) kn. ak. cocog karo sarak.
sarap: I êngg. kn. lèmèk ing tenggok lsp; di-[x]-i: dilèmèki, dilambari. II êngg. [x]-an kn: mangan (pangan) ing wayah esuk; di-[x]-i: diwènèhi sarapan. III (A) kn: urat lêmbut lantaraning rasa.
saras: k. waras.
sarasa: br. tunggal rasa, tunggal laras.
sarasija: (S) kw. kêmbang tunjung.
sarasilah: pc. salasilah.
sarat: I êngg. kn. 1 kakèhan (kêkêbakên) momotan; 2 kandhas tmr. prau. II kn: 1 sarana, apa-apa sing dianggo sarana; 2 êngg. wragad; 3 jimat, sajèn lsp. sing dianggo sarana murih slamêt lsp; di-[x]-i: 1 diwènèhi sarat (jimat lsp); 2 êngg. diwragadi. III (A) kn: janji, janggêlan (apa-apa sing kudu dianakake miturut unining pranataning agama); di-[x]-i(-ake): dijanjèkake, dijanggêlake.
sarati: kn. srati.
sarawèdi: (tukang [x]) kn. tukang adol (nggosok) intên; di-[x]: digosok tmr. intên; disarawèdèkake: 1 digosokake (tmr. intên); 2 ditêpsirake, ditakokake rêgane lsp. (ent. disêmantakake).
sardana: (S) kw. ak. sugih.
sardula: (S) kw. macan.
sardulawikridita: (S) kw. ar. têmbang gêdhe.
sarjana: kw. 1 wong utama; 2 wong pintêr (putus ing kawruh).
sarjawa: (S) kw. ak. bêcik bêbudène.
sarju: kn. condhong atine, kalawan sênênging ati; kc. sêrju.
sardhin, sardhincis: (W) kn. ar. iwak cilik-cilik.

sare: ki. turu; nyare ki: nginêp; disarèkake ki: 1 diturokake; 2 dikubur; [x]-an ki: 1 turon; 2 lêson; pa-[x]-an ki: 1 paturon; 2 kuburan.
sarèh: kn. sabar, ora kêsusu; di-[x]-ake: 1 dilêrêmake, disabarake; 2 diasokake, disumênèkake.
sarèhne, sarèhning: kn. amarga saka.
sareyan: kn. sêrsan.
sarekat: kn. pakumpulan.
sarèn: I (ut. sari) kn. banyu ênjêt dianggo mbabar; disarèni, disarèkake: diêkum ing sarèn tmr. babaran. II kn: dhidhih, gêtih pitik lsp. sing kênthêl.
sarengat: (A) kn. anggêr-anggêr pranataning agama; kc. sarak.
sarêm: k. uyah; [x]-an k: uyahan (anakan dhuwit).
sarêng: k. barêng.
sarêsmi: kw. awor turu.
sarênti: kn. ora bêbarêngan, nganggo antara; kc. srênti.
sarga: kw. bab ing layang-layang sing nganggo têmbang gêdhe.
sari: I kw. 1 asri, endah; 2 kêmbang; rêbut [x] br: rêbuk bêcik (bêcik-bêcikan). II kn: 1 pathining samubarang sing cuwèr (bakuning samubarang) up. sarining pangan; 2 glêpung kêmbang (sing
--- 547 ---
nangkarake wiji); 3 gêtihing wong nggarap banyu; 4 mani, nutfah; 5 (timah [x]) sing (ar. logam); nggantung [x] br: mêtêng; nggarap [x]: kèl; kc. sarèn. III (asari) kw: sarèh, rindhik, lirih; tan-asari: kêsusu, enggal-enggalan; tan-sari: ora suwe, ora sarèh.
sarib ~ sastrika.
sarib: ki. êntut, ngêntut.
sarik: (tulak [x]) kw. wêwêlak, bêbêndu.
sarika: I kw. ak. dhèwèke. II (S) kw. ak: wong sing pinracaya.
sariki: kw. ak. iki, kiyi.
sari-kuning: kn. ar. kêmbang dianggo adon-adon mbabar.
sari-kurung: kn. kêmbang nagasari.
sarilaya: kn. ar. gêndhing.
sarilak: sêdulur [x] kw. sêdulur tunggal suson.
sarimbit: kn. sakloron (lanang wadon).
sarimpi: kn. kc. srimpi.
(saring): I di-[x] kn. 1 dipilah ampase (êndhêg-êndhêge lsp) karo sing bêning; 2 dilimbang digolèki kang bênêr (bêcik lsp); [x]-an: 1 ayakan; 2 piranti dianggo nyaring; 3 sing wis disaring. II [x]-an êngg. kn: mujur, ora sêbêl (ênggone mbêburu lsp).
sarip: kn. sêbutane wong Arab sing isih darah.
saripah: kn. sarip wadon.
sarira: (S) kw. awak; cs. 8; kc. salira, slira.
sari-wose: kn. woh nagasari.
sarya: kw. sarwa, sarta.
sarkara: (S) kw. 1 gula; 2 têmbang dhandhanggula.

saru: kn. ora pantês (tmr. gunêm, tindak-tanduk); di-[x]: 1 disruwe (dicacad) tindake sing saru; 2 dirigoni, dikagolake; nyaru wuwus pr: nyêla-nyêla ngrigoni wong rêrêmbugan; ke-[x]: (dumadakan) kandhêg.
sarujuk: kn. mupakat; kc. rujuk.
(sarug): di-[x] kn. disampar (sikile nggèsrèk lêmah).
saruni: kn. sruni.
sarung: kn. 1 wrangka, brongsong; 2 jarit sing disambung; di-[x]-i: 1 diwrangkani, dibrongsong; 2 diênggoni sarung; di-[x]-ake: diwrangkakake (dilêbokake ing wrangka); [x]-an: 1 wrangka, brongsong, urung lsp); 2 ([x]-an kêndhali) abah-abah saprabot; 3 nganggo sarung.
sarung kaki: êngg. kn. kaos kaki, mojah.
sarung tangan: êngg. kn. kaos tangan.
saru-siku: 1 kw. dêduka, bêbêndu; 2 (saron-sikon) kn. sêndhon-waon.
(saruwe): kn. kc. sruwe.
saroja: I kw. 1 rangkêp; 2 êngg. bngs. bêthèk; di-[x] kw: dirangkêp. II (S) kw: kêmbang tunjung.
saron: kn. ar. rêricikaning gamêlan (awujud wilahan prunggu lsp).
sarong: êngg. kn. 1 sarung; 2 bngs. guthêkan.
sarpa: (S) kw. ula.
sarsa, sarsana: kw. ak. (sa + harsa, sa + harsana) bungah.
sar-saran: in.[2] 1 dhêg-dhêgan marga kagèt; 2 kisruh salang tunjang (mlayu lsp).
sarsêg: kw. sêsêg (kêbak) bangêt.
sar-sur, sar-sor: pc. mili (mancur) gumlontor.
sarta: kn. 1 lan, lan uga; 2 karo; disartani: dikanthèni.
sarwa: (sarwi êngg. k) kn: 1 kabèh, sakabèhe, sakèhe; 2 wutuh tanpa gothang, babar pisan.
sarwa-sarwi: êngg. kn. kabèh pêpak.
sarwi: kn. sarta, karo.
sarwya: br. sarwa.
sasa: I kw. pêksa; kc. sahasa. II (S) kw. ak: truwèlu (pêpêthan ing sajroning rêmbulan).
sasab: I kn. 1 tutup, larab; 2 apa-apa sing dianggo tutup; di-[x]-i: ditutupi; nasabi dhêngkul pr: mikolèhake sanak-sadulure dhewe; ke-[x]-an tapih pr: wong lanang kalah karo sing wadon. II êngg. pc: mênang.
sasadara: (S) kw. rêmbulan.
(sasag): di-[x] kn. ditrajang.
sasak: I kn. 1 bngs. gêdhèg kasar dianggo lèmèk ing prau, jrambah, lumbung lsp; 2 êngg. krêtêg; di-[x]: ditrapi sasak. II di-[x] êngg. kn: ditrajang, ditlasak (tmr. gêgrumbulan lsp).
sasalancana: (S) kw. rêmbulan.
sasana: I kw. ênggon, papan, palinggihan. II (S) kw. ak: piwulang, pituduh.
sasangka: (S) kw. rêmbulan.

sasar: (ut. [x]-susur) kn. kliru bangêt; nasar: nyimpang saka kang bênêr; di-[x]-ake: diblusukake, diklèrokake dalane.
sasat: kn. 1 ([x] kaya) mèh padha karo, yèn ...; 2 aja sing, up. [x] padha yèn padhaa kn: kc. prasasat.
sasêle: kn. mung siji tmr. apa-apa sing pêpasangan; kc. sêle.
sasêlot-sêlote: kn. alon-alonan (saya suwe saya ...).
sasi: (S). 1 kw. rêmbulan; 2 n. wulan k. wêktu sing suwene ana 1/12 taun; sasèn: sabên sasi; sasèn-sasèn n. wêwulanan k. nganti pirang-pirang sasi.
sasih: êngg. sasi.
sasmaya: kw. bêcik, endah.
sasmita: kw. 1 polataning praèn; 2 ngalamat, pratandha; disasmitani: diwènèhi tandha sarana obahing praèn lsp, dingalamati.
sasukuring: êngg. kn. sakabèhe.
sasur: kn. dianggo wilangan saluwihe 30 atêgês liman, up. kapat [x] (35), kalima [x] (45), kanêm [x] 55 lsp.
sasra: (S) kw. 1000.
sasrahan: kn. 1 êngg. pari panenan sing kawènèhake marang kang duwe sawah; 2 pawèwèh barang-barang lsp. saka pangantèn lanang marang pangantèn wadon.
sasrangan: kw. sêngkud nyêrang (nêmpuh).
sasrêntane: êngg. lan saprabote.
sastra: I (S) kw. 1 layang, kawruh; 2 tulisan; 3 layang-layang, kawruh bab layang-layang (têtulisan). II (S) kw. ak: gêgaman.
sastra-banyu: kn. ar. dhapuring kêris.
sastradaksa: (S) kw. ak. putus ing kawruh.
sastra-wyanjana: kw. urut-urutaning aksara; kc. dênta-wyanjana.
sastrika: (S) kw. ak. gêgaman, pêdhang.
--- 548 ---
sasti ~ sawêndran.
sasti: (S) kw. ak. sawidak (60).
sat: di-[x](ake) pc. ditawu lsp. supaya asat; kc. asat.
sata: I k. têmbako. II 1 kw. jago; 2 êngg. k. pitik. III (S) kw: 100.
satak: êngg. kn. 100 dhuwit; [x] sawe: 1½ wang (± 10 sèn); [x] sadhuwit êngg: 9 dhuwit (7½ sèn).
satang: kn. gèntèr dianggo nglakokake prau; di-[x](i): dilakokake nganggo satang; kc. watang.
satapatra: (S) kw. ak. 1 kêmbang tunjung; 2 mêrak.
satata: I kn. padha tata. II (S) kw: tansah, tanpa kêndhat, lêstari.
sate: kn. bngs. lêlawuhan sing digawe iwak disunduki sarta digarang.
sateja: (S) kw. ak. sumorot.
satêmah: kn. ing wasanane, tundhone.
satiti: br. satata.
satmaka: (S) kw. 1 tunggal sukma; 2 urip, nyawa.
satmata: (ut. ka-[x]) kw. katon, kêna didêlêng; di-[x] kw: ditamatake, didêlêng.
satmripat: k. ak. satmata.

satu: ut. saton kn. cithakan; lir [x] mungging rimbagan pr: trêp (cocog) bangêt.
satu budi: kw. nunggal karêp, rukun.
satuhu: (-ne) kn. sanyatane, satêmêne.
satungan, sathungan: êngg. kn. rêrukunan, tumandang.
satus: kn. 100, kc. atus.
sato: kn. kewan; [x] kewan: sakèhing kewan; [x]-an êngg: kewan-kewan sing mitunani.
saton: I kn. cithakan, rimbagan. II kn: têtiron (pêpêthan) kewan; kc. sato.
satriya: kn. wong luhur, prajurit luhur; nyatriya: duwe watak kaya satriya (utama, kêndêl).
satru: I kn. mungsuh; [x] munggèng cangklakan pr: mungsuh sing kêcêdhak (isih sanak-sêdulur); nglêlêmu [x] pr: mbêciki mungsuh; di-[x], disatroni: dimungsuh, dianggêp satru; sêsatron: mêmungsuhan. II kn: ar. panganan sing digawe glêpung kacang ijo.
satru-ati: n. satru-manah k. mêmungsuhan batin (butarêpan, rêbutan wong wadon lsp).
satru-batin: n. satru-batos k. satru sing ora kêtara.
satru bêbuyutan: (kabuyutan) kn: mungsuh sing turun-tumurun (wiwit kuna mula).
satru manêngah: kn. sabarang prakara sing nganggo mêmungsuhan.
satwa: I (S) kw. sato, kewan. II (S) kw: kasuciyan.
satwika: (S) kw. ak. utama, têmên.
satya: (S) kw. sêtya, têmên, tuhu.
satyawada: (S) kw. ak. têmên têmbunge, nêtêpi ujare.
sacêmit, sacêmlik: êngg. pc. sathithik bangêt.
sacleraman, satleraman: êngg. pc. sagêbyaran, sadhela bangêt.
saclèrètan: kn: sagêbyaran, sadhela bangêt.
sacumbana: kw. awor turu.
sacumlik, sacublik, sacuplik: êngg. pc. sathithik bangêt.
sathekruk: pc. akèh bangêt.
sathêk: (-kliwêr) pc. sakèh, sakabèhe, ngêndi bae.
sathêkan: pc. sapisan.
sathim: kn. palanangan.
sathithik: n. sakêdhik k. ora akèh.
sawa: I kn. ar. ula ora mandi. II (S) kw: bangke.
sawab: I (S) kn. daya sing ngolèhake bêrkah; di-[x]-i: olèh sawab. II ([x] dene, [x] saking) êngg: sabab, jalaran.
sawadi: [x]-ne n. sawadosipun k. 1 salugune, sabab-sabab sing baku; 2 prayogane; kc. suwadi.
sawah: n.sabin k. palêmahan sing ditanduri pari sarana diêlêbi ing banyu; sêsawah: nggarap sawah, têtanèn.
(sawak): di-[x] kw. diundang, dicêluk.
Sawal: (A) kn. ar. sasi Arab kang kaping sapuluh.
sawala: (S) kw. ak. rêrêsik, adus.

sawanan: kn: (banyu [x]) banyu mêntas dianggo ngumbah gêgaman, têturuh lsp.
sawang: I (ut. [x]-[x]) kn. klamating kêmangga ut. rêrêgêd sing pating srawe (marga kukus lsp); [x]-ên: akèh sawange. II kw: katon kaya; di-[x] kn: dipandêng (saka kadohan); [x]-an: 1 pandêngan, apa-apa sing disawang (ditamatake); 2 (ut. sawang-sawung) pasêmone, katone; [x]-ên: mripate rada mêlèk tmr. wong mati.
sawangan: I kn. sungapaning kali ing sêgara; kc. suwang. II kn: bngs. sêmpritan kapasang ing buntut dara.
sawastu: kw. ing sanyatane, satêmêne; kc. wastu, saèstu.
sawarga: kn. ak. swarga.
sawarna: n. sawarni k. tunggal warna, sarupa; sawarnane: sakabèhe sing nunggal jinis.
sawat: I kn. watu sing dianggo mbalang; di-[x]: dibalang ing watu. II kn: sanalika, tumuli. III kn: sahwat. IV kn: ar. coraking bathikan.
sawatgata: kw. sanalika, tumuli.
sawawa: kw. timbang, tandhing karo; kc. suwawa.
sawe: êngg. kn. 2½ dhuwit (± 2 sèn); kc. satak.
sawega: kw. 1 sadhiya, cumawis, miranti; 2 ak. kêsusu.
sawèhwèhyan: (-nèn) êngg. pc. wis wêtara suwene, sawènwèn.
sawêd: kn. angkul-angkul (kayu ing pasangan sapi lsp).
sawêg: k. lagi.
sawêgung: kw. kabèh, sakabèhe, sakèhe.
sawênang-wênang: kn. ambêk siya.
sawêndran: kw. akèh bangêt; kc. wêndra.
--- 549 ---
sawênèh ~ selog.
sawênèh: êngg. kn. 1 ing sawêtara, ana; 2 liyane; 3 nêrangake apa-apa sing ora cumêtha jênênge; 4 (ut. sawênèh-wênèh) sakabèhe, apa bae; kc. wanèh, wênèh.
sawêr: k. ula.
sawi: I (ut. [x] janur) kn. tali dipanthêng ing sawah lsp, dianggo têtêngêr watês lsp; disawèni: 1 dipasangi sawi; 2 dicalangi, diwêkas ing sadurunge. II kn: 1 sayuran; 2 êngg. tela kaspa.
sawidak: kn. 60.
sawiji: n. satunggal k. mung siji ora ana tunggale; 2 ([x]-ning) nêrangake apa-apa sing kurang gumathok.
sawiyah: I êngg. kn. sabên, apa ut. sapa bae, sabarang; disawiyah (-wiyah): disiya-siya, disapèlèkake bangêt. II êngg. kn: anak cêcak.
sawiyos: kw. sawiji.
sawismaya: (S) kw. ak. gumun.
sawit: kn. jarit lan ikêt padha bathikane; [x]-an: saanggon (jarit lan ikêt) bathikane padha; krambil [x]: bngs. palêm.
sawita: (r) (S) kw. ak. srêngenge.
sawud: I kn. ar. panganan sing digawe kêtela diparud dicampuri gula; di-[x] êngg: dipyur-pyurake sarta dicampur. II kn. ar: corak ing bathikan.

sawung: I 1 k. jago; 2 êngg. k. pitik. II di-[x] kn: 1 dikumpulake, dibarêngake; 2 ditata, dianggit, dikarang; 3 diwangsuli, dijawab. III di-[x] kn: dibopong tanpa êmban-êmban tmr. bocah cilik.
sawur: kn. dhuwit karo bêras kuning disêbar-sêbar ing sangarêping layon sing digawa mênyang kuburan; di-[x](-ake): 1 disêbar-sêbarake; 2 disêbar tmr. wiji pari; di-[x] ingon (-rancah, -tinggal): têrus disêbar ing leleran (ora nganggo didhêdhêr dhisik); di-[x]-i: disêbari, dikêpyuri wêdhi lsp.
sawo: kn. ar. wit sarta wohe.
sawon: êngg. k. salah.
sawonga, sawonge: n. satiyanga, satiyangipun k. anggêr wong, sapa bae.
sè: I êngg. toh! II êngg: sêmune, katone.
(sèb): a-[x] kn. atop, glègèkên; [x]-[x]-ên: tansah glègèkên marga kakèhan mangan durèn lsp.
seba: n. sowan k. ngadhêp ingarsane priyayi gêdhe (para luhur); disebani: diandhêp ing.
sebak: kw. ak. anjrah, katon akèh bangêt.
sèbêt: I êngg. kn. sabêt; di-[x](i): disabêti. II êngg. kn: plas! lap!; [x]-(an): sêdhêngan (trêp) bangêt tmr. klambi lsp. (kêpenak anggone, cancingan).
seblak: êngg. kn. selak.
sebok: êngg. kn. cêndhèk alêmu; kc. slebok.
(sebrat): di-[x]-ake kn. ora diaku anak (sêdulur lsp).
seda: ki. pati, mati; sedan ki: pêpati (kêpatèn), wong mati.
seje: n. sanès k. 1 liya, liyane; 2 beda, ora padha; 3 ora nunggal, dudu gêgolongane; 4 êngg. mêncil, mênjila, pisah saka panunggalane; disèjèkake: dipisah karo panunggalane, didhèwèkake.
sèjèn: êngg. seje.
sedhangan: êngg. kn. tengosan (pèncèngan); kc. sidhang.
sèdhèng: kn. laku ngiwa tmr. wong wadon.
sèdhêt: I kn. singsêt sarta bêcik tmr. wanguning pawakane wong wadon. II kn: kêmbang kêncur.
sedhum: êngg. kn. edhum, eyub.
sedhung: kw. prahara, angin gêdhe; kc. sindhung.
sedhok: nyêmbah [x] ([x]-[x]) kn. nyêmbah bola-bali.
sèg: êngg. pc. rikat, enggal, gêlis.
sègêl: (W) kn. 1 cap atas namaning Pamarentah (minangka pasaksining prajangjian lsp); 2 layang blangko mawa cap (dianggo rêkès lsp); di-[x]: 1 dicap ing sègêl; 2 êngg. diraja-darbe (dibêslag).
segogan: êngg. kn. enggok-enggokan ing dalan; kc. sigug.
sègsègan: êngg. kn. ora antêng.
sèh: I pc. katêrangan swaraning pambêlèh. II kn: 1 sêsêbutane wong Arab; 2 sêsêbutane para wali ut. para ahli agama Islam.
sehat: I (A) kn. waras (ora lêlaranên). II êngg. pc: cara; di-[x]-ake êngg. pc: ditirokake, ditulad.
seyat-seyot: êngg. kn. sarwa rikat ênggone tumandang.

sèyèg: kn. sêngkayigan, tansah oyag.
seyub: pc. eyub.
seyos: êngg. k. seje.
seka: êngg. kn. 1 kacu lsp. sing dianggo nggosok; 2 gêndul lsp. isi wedang (watu dipanasi lsp) sing dianggo nggosok ut. manasi wêtêng lara lsp; 3 mawa (watu dibakar lsp) dicêmplungake ing sumur (ing wedang kopi lsp) supaya bêning; di-[x]: digosok (ditambani, dirêsiki lsp) nganggo seka.
sèkat: kn. waras; kc. sèhat.
(sèkèk): di-[x](-ake) pc. didèkèkake, didokokake.
sèkèlên: êngg. kn. krasa lara ing saperanganing awak.
sèkèng: kn. 1 ringkih; 2 êngg. apês, mlarat.
sèkêt: kn. 50.
sèl: (W) kn. kamar cilik ing pakunjaran lsp.
sela: I 1 k. watu; 2 k. mênyan; 3 br. intên. II êngg. k: lapak.
selak: kn. ora gêlêm ngakoni; di-[x]-i: ora diakoni.
selakarang: kn. 1 bngs. busik (gudhig) tmr. jaran; 2 êngg. rêrêgêd sing krakêt ing êndhas; [x]-ên: kadunungan selakarang.
selakrama: êngg. kn. tata-krama; kc. sila.
selat: kn. bngs. anggar ut. pêncak; kc. bêselat.
sele: êngg. pc. pece.
sèlèh: kn. 1 lèrèh, mari ngrênggêp pangkat lsp; 2 wis mapan, wis gumathok, wis lêrêm; di-[x](ake): didokokake; di-[x]-i: 1 didokoki; 2 dikon nggêntèni pangkat lsp.
sèlèr: êngg. kn. licik tmr. gêmak.
selog: êngg. kn. bngs. uwi ut. gadhung alasan.
--- 550 ---
semah ~ sero.
semah: k. 1 somah; 2 êngg. dhayoh.
sèmbukan: kn. ar. têtuwuhan rambat.
sèmbong: kn. bngs. jarit dilêmpit dianggo kaya dododan tmr. wong wadon ing kraton; [x]-an: nganggo sembong; kc. simbong.
sèmèk: êngg. kn. 1 lèmèk, lambaran; 2 (ut. [x]-an) sarapan.
semog: pc. katon lêmu blengah-blengah.
sèmpèr: kn. pêpês sasisih tmr. sikil.
sèmpèt: êngg. kn. 1 bngs. gombal dianggo mbêbuntêl; 2 êngg. k. jarit.
(semplang): di-[x] pc. ditepang.
sempol: êngg. kn. sampil.
sempor: êngg. kn. grojogan.
sèn: (W) kn. dhuwit têmbaga ajine 1/100 rupiyah.
sena: (S) kw. prajurit, wadya-bala.
senapati: (S) kw. lêlurahing prajurit.
senjing: êngg. kw. sesuk.
sèndhak: (-pama), sèndhaka, sèndhakneya êngg. manawa, saupama.
sendhe: I adol [x] (sèndhèn êngg): adol nganggo prajangji kêna dituku manèh. II disèndhèni, disèndhèhi kn: dilèndhèhi, dilèndhèti;

disèndhèkake: disèlèhake aliyangan (tmr. tumbak bêdhil lsp); sèndhèn, sendheyan: linggih (ngadêg) aliyangan.
sendhe kala: êngg. kn. wayah surup (layung).
sèndhèr: kn. dhoyong.
sendhok: kn. lantaran ki. piranti dianggo nyuru (nyidhuk).
sènès: êngg. k. 1 liya, seje; 2 dudu; kc. sanès.
senor: pc. rusak matane.
sèntêg: 1 mak [x] pc. krasa abot (antêb); 2 êngg. antêb, kukuh, mantêp.
sèntêr: I pc: (lampu [x]) lêntera listrik; di-[x]: ditlorong ing lêntera listrik. II pc: barisan têngah (ngarêp) tmr. bal-balan.
sènti: (W) kn. sapraatus (c).
sèntir: (W) êngg. kn. bngs. rimong (slendhang) sutra.
sèntol: pc. kiyêng tmr. pawakan; ora [x]-an êngg: ora prêduli.
senthe: kn. ar. têtuwuhan bngs. kimpul (godhonge gatêl).
sèng: I di-[x]-(i) êngg. kn. diajak. II kn: 1 timah sari; 2 wêsi blebekan tipis diputih.
sèngan: êngg. kn. rada ngantuk.
sengar: (glethak [x]) kn. barès, pasaja, blaka.
sèngèk: kakehan [x] êngg. kakehan pratingkah.
(sèngèn): di-[x]-i êngg. kn. diajak.
sengga: êngg. kn. saengga; sengganane êngg: saupama.
sènggèk: êngg. kn. sènggèt.
sènggèt: kn. gèntèr mawa grèthèl dianggo ngundhuh wowohan; di-[x]: diundhuh nganggo sènggèt.
sènggun: (ut. sèndhak [x]) êngg: manawa, saupama.
(senggol): di-[x] kn. 1 digêpok (didumuk) sathithik; 2 pc. katut dirêmbug (dirasani lsp); kc. gêpok.
senggot: kn. pring lsp. didokoki sanggan, sing sasisih dibandhuli watu, liyane ditrapi timba.
(sènggrok): di-[x]-i kn. disanggroki; kc. sanggrok.
sèngkèk: pc. rêkasa bangêt, siyal.
sèngklak: êngg. kn. selak.
sèngklèh: kn. mêntêlung marga coklèk tmr. pang.
sèngkong: êngg. kn. tela kaspa.
sèngoh: kn. katon blengah-blengah nyênêngake tmr. wong wadon.
sengok: kn. katêranganing ngambung; sa-[x]-an: saambungan.
sengon: kn. ar. wit.
sèngsèngan: êngg. kn. jothakan.
sèngso, sèngslo: êngg. kn. pating jlêmpah.
sèp: (W) kn. panggêdhe (sêtasiyun lsp).
sepa: ora sepa-sepa: ora mèmpêr, ora mantra-mantra; disepakake: dipadhakake, dièmpêrake; sêsepan kw: rêrupan, wêwujudan; kc. sanepa.
(sepak): di-[x] kn. dipengkal, ditêndhang nganggo sikil buri.
sepak-raga: êngg. kn. bal-balan.

sèpêr: I êngg. kn. carik desa. II di-[x] êngg. kn: 1 diwilang, digolongake; 2 dianggêp kaya.
sepi: kn. ar. donga (aji).
seple, sèplèk: pc. sapele bangêt.
sèr: mak [x] pc. 1 katêrangan nggèsrèk lsp; 2 katêranganing mancur santêr.
serad-sèrèd: pc. gumampang nyênyilih sandhangan lsp.
serang: sawah [x]-an kn. sawah sêdhiyan para luhur.
serap-serop: pc. katêranganing nyênyidhuk (muluk) akèh.
sèrèd: êngg. kn. bngs. grobag cilik (geredan); di-[x]: digèrèd sarta dilarak; [x]-an: adu jago totohane jago sing kalah; kc. sèrèt.
sèrèg: (-an) êngg. kn. rikat.
sèrèh: I kn. lèrèh, sèlèh. II di-[x]-i êngg. kn: dileropi umpluke.
(sèrèk): di-[x] êngg. kn. digèsrèk, dibêlèr.
sèrèn: kn. 1 êngg. lèrèn, ngaso; 2 sèlèh pagawean (pangkat); tampa [x]: nggêntèni pangkat (pagawean) ing liyan; [x]-ing taun: ganti taun; di-[x]-i: 1 êngg. dilèrèni, dicopot; 2 (ut. disèrèkake) dilintirake, dipasrahake tmr. pangkat ut. pagawean.
sèrèng, sering: êngg. pc. 1 kera, kurang awas pandêlênge; 2 rada gêndhêng.
sèrèt: kn. corak (kuning, putih lsp) ing pinggiraning payung, jarit lsp; di-[x](i): didokoki sèrèt.
sèrêp: (W) pc. apa-apa sing dianggo nglunggèni.
sèri: (W) kn. urut-urutan.
sèring: êngg. pc. sèrèng.
serub: kn. kacu lsp. tutup mata; di-[x]: ditutupi matane nganggo kacu lsp; [x]-an: dolanan matane diserup (jelungan lsp).
serum: (W) kn. tamba awujud barang cuwèr dilêbokake ing awak sarana dicoblosake lan disemprotake; di-[x]: dicoblos lan disêmprot ing serum.
sero: kn. saèm. widhe katancêbake ing pasisir dianggo masangi iwak.
--- 551 ---
serok ~ (sêbrot).
serok: kn. nam-naman pring lsp. digarani dawa dianggo nyidhuki wêdhi, ngêntas gorèngan lsp; di-[x]: dicidhuk nganggo serok.
serong: (-an) kn. sêmu mèncèng (ngewas); di-[x]: digawe mèncèng (ora jêjêg).
(serop): di-[x] pc. dicidhuk.
sèrtipikat: (W) kn. layang katêrangan (tamat sêkolah lsp).
sesa: I kw. sisa; tanpa [x]: tanpa turahan. II [x]-[x] kn: walak-walak, mung gumantung marang; kc. wisesa.
seseyan: êngg. kn. sluwiran, ora aji.
sèsèk: I kn. bngs. sasak (gêdhèg). II kn: jagung digodhog disisiri (didhêplok); [x]-an êngg: gombalan, sêmbêt; kc. sèsèt. III di-[x] êngg: disasak.
sèsèr: kn. bngs. jaring (irig) digarani.
sèsèt: kn. bêsèt; di-[x](i): dibêsèt, dithèthèl.

sèsi: [x] ning bumi br. saisining bumi.
sesuk: n. benjing-enjing k. dina candhake; sesuk-esuk n. benjing-enjing k: dina candhake ing wayah esuk.
sèstu: pc. k. sida; kc. saèstu.
sèt: kn. bngs. singgat sok ngrubung bathang lsp; [x]-ên: dipangan (dirubung) sèt.
seta: I kw. putih. II êngg. kn. bngs. cêplik.
setan: (A) kn. roh ala; [x] nggawa ting pr: wong dhêmên adu-adu; [x] nunggang gajah pr. wong sing mung murih kêpenake awake dhewe; ngunjara setan: nyandhêt hawa napsu; di-[x]-i: digêgasah (diadon-adoni) murih muring; [x]-an: têtironing setan (dhêmit) ing wayang lsp; [x]-ên: kêpanjingan setan.
sètu: (-banda) (S) kw. bêndungan, krêtêg.
setra: (S) kw. 1 têgal; 2 (ut. pasetran) papan pambuwangan bangke; di-[x], disetrakake: dibuwang (disingkirake) mênyang ing alas lsp. tmr. mayit.
sece: êngg. kn. sakêthip (10 sèn); kc. ece.
secok: êngg. pc. siji.
sethap-sethop: pc. (mangan) puluke gêdhe.
sèthèlên: pc. ora lumrah (sênêng bangêt, anèh bangêt lsp).
sèthèng: êngg. kn. saigar (½ dhuwit), sabribil.
sèthèp: kn. blobok garing.
sethom: pc. drêmba, ludhuk.
sewa: I êngg. (sewan kn): 1 nyilih kanthi mbayar pituwas; 2 dhuwit pituwasing nyênyilih; 3 êngg. pajêg tanah; di-[x]: disilih kanthi bayaran minangka pituwas; disewakake: disilihake kanthi bayaran; sewan: 1 apa-apa sing disewakake; 2 dhuwit pituwasing nyewa; 3 êngg. sawah darbèke desa. II di-[x] kw: diseba, diadhêp.
(sewak): di-[x] êngg. kn. dibagi-bagi tmr. sawah lsp; kc. siwak.
sewaka: (S) kw. ak. juru lêladi; sinewaka kn: lênggah diadhêp para kawula; pasewakan: paseban.
sewang: siji [x] êngg. siji edhang.
sewa-sogata: (S) kw. pandhita agama Siwah lan Buda (para ngulama).
sèwèk, sèwèt: êngg. n: jarit.
(sèwèr): di-[x] êngg. kn. disuwèk.
sèwu: kn. 1000: [x] (dina): slamêtan lêt 1000 dina saka gêblage (patine).
sèwot: êngg. kn. nêpsu, muring; [x]-ên: wringutên, muring.
sêbab: pc. sabab.
sêbae: êngg. pc. bok manawa (dak kira); sêbaene: lumrah; kc. bae.
sêbah: kn. 1 rasa kaya sênêb ing wêtêng; 2 êngg. pc. jêlèh, bosên, wis ora sênêng; nyêbahi: njalari sêbah.
(sêbal): nyêbal kn. beda (nyimpang) karo kang lumrah; di-[x]-ake: dikêjabakake.
sêbandar: kn. ak. panggêdhening palabuhan.
(sêbar): di-[x] kn. 1 disawur-sawurake, diwratakake; 2 dibudhalake mrana-mrana; di-[x]-i: disawuri, diwratani ing kêmbang, wiji lsp; di-

[x]-ake: diwratakakе (tmr. kawruh, kabar lsp); [x]-an: 1 wiji lsp. kang disêbar; (layang [x]-an) layang sing diwratakake mênyang êndi-êndi.
sêbara: êngg. kn. samangsa, mênawa.
sêbat: I adoh [x]-e karo êngg. akèh bangêt bedane; salang [x] êngg: mèh padha, mèh mèmpêr. II dipun-[x](akên) êngg. k: disêbut (-ake); kc. sêbut.
sêbawa: kn. swara; kc. bawa.
sêbda: kn. kc. sabda.
sêbe: kn. bngs. rimong (sing dianggo para kaji).
(sêbêt): di-[x] êngg. kn. disuwèk tmr. dluwang lsp; kc. sêbit.
sêbêl: kn. ora gangsar, siyal; nyêbêli: njalari sêbêl.
sêbit: kn. suwèk, siwal; di-[x]: 1 disuwèk, disiwal; 2 disigar dadi gêbingan tmr. balok lsp; [x]-an: 1 suwèkan; 2 gêbingan balok lsp.
(sêblak): I di-[x](i) kn. digêbug(-i) nganggo barang kang tipis mêntul. II di-[x]-ake kn: diwêngakake ngêblak; kc. sumêblak.
(sêblok): di-[x](i) êngg. kn. disêblak(-i).
(sêbul): di-[x] kn. didamu bantêr (mêtu ing bolongan lsp).
sêbut: I mak [x] pc. katêranganing njupuk, mbuwang lsp. rêrikatan; sêbute ..., sêbute ... êngg: gèk ..., gèk ... II kn: 1 pangundang; 2 pangrêsula, pangêsah; ora duwe [x] (ora nyêbut): ora ngrumangsani; di-[x]: 1 diarani, dikandhakake araning pangkate lsp; 2 (ut. di-[x]-ake) dikandhakake, dicritakake araning pangkat, darah lsp.
sêbrak: pc. katêranganing apa-apa sing suwèk (ditarik lsp); di-[x] pc: 1 ditarik nganti suwèk; 2 disilih (diutang) sawatara dina.
(sêbrang): di-[x] êngg. pc. disêbrak (disilih sawêtara dina).
sêbrang-sêbrung: pc. padha mabur.
sêbrèbètan: kn. satleraman, didêlêng sadhela katon kaya.
(sêbrèt): di-[x] pc. disêmbrèt.
sêbring: mak [x] pc. mak sêmprung.
sêbruk: pc. sêbrak.
sêbrung: mak [x] pc. mak sêmprung.
(sêbrut): di-[x] pc. disêmbrèt.
(sêbrot): di-[x] kn. dicolong sarana disêndhal
--- 552 ---
têrus digawa mlayu (tmr. panganggo sing dianggo).
sêbsêb ~ sêgotrah.
sêbsêb: kw. ak. hawa, asêp, ambu.
sêda: pc. sabda.
sêdadal: êngg. kn. jêjak-jêjak (ing nalikane nglangi).
sêdagar: pc. sudagar.
sêdaya: pc. k. kabèh; kc. sadaya.
sêdantên: pc. k. kabèh.
sêdarum: kw. kabèh.
sêdene: kn. 1 lan, lan uga; 2 mungguh ing.
sêdik: êngg. sidik.
(sêdul): di-[x] êngg. pc. 1 didudul (disogok saka ing bolongan); 2 diijoli barang liya sing dudu mêsthine, dipalsu.

sêdulur: kc. sadulur.
sêdut: mak [x] pc. mak sêndut, mak sêdhut.
sêduwa: pc. siduwa.
(sêdrah): di-[x] kn. 1 diclupake ing ancur lsp. tmr. bolah layangan; 2 êngg. disoga; [x]-an êngg: sogan.
sêdriyah: kn. dêdana; kc. driyah.
sêdya: kn. 1 niyat; 2 pc. maksud, karêp; di-[x]: dijarag, disêngaja; kc. sumêdya.
sêja: pc. sêdya.
sêjarah: kn. sarasilah; di-[x]-ake: diandharake, dicritakake; kc. sujarah.
sêjati: n. sêjatos k. sanyata, kang ora palsu.
sêjid: êngg. pc. mêsjid.
sêjimat, sêjimpit: kn. sathithik bangêt.
sêjujung: kn. sêlonjor (sikil).
sêdhabrêg: pc. akèh bangêt.
sêdhah: k. suruh; dipun-[x]-i k: disuruhi (diulêmi).
sêdhakêp: pc. sidhakêp.
sêdhandhungan: êngg. pc. bok mênawa kapinujon ana (kêtêmu).
sêdhar: êngg. k. asu.
sêdhèdhèk: êngg. sathithik.
sêdhèh: êngg. pc. sêdhih.
sêdhela: n. sakêdhap k. ora suwe.
sêdhelat, sêdhèlèt, sêdhelit, sêdheluk, sêdhelut: êngg. pc. sêdhela.
sêdhèngah: pc. sadhengah.
sêdhèngêt: êngg. sêdhela.
sêdhepah: êngg. kn. dêdêg piadêg cêndhèk santosa.
sêdhèrèk: pc. k. sêdulur; kc. sadhèrèk.
sêdhèt: pc. katêrangan obah rikat (mripat, gêgaman ditarik lsp).
sêdhêg: êngg. kn. êndhêg-êndhêg, ampas.
sêdhêk: êngg. kn. sêlak.
sêdhêkah: êngg. kn. sidhêkah.
sêdhêku: êngg. kn. sidhêku.
sêdhêl: êngg. kn. ora gangsar, sêbêl.
sêdhêng: ([x]-an) kn. (cêkap, [x]-an k): 1 ora sêsak, bisa amot (kêna dilêboni lsp); 2 cukup (ora kurang); 3 tanggung, ora gêdhe ora cilik, têngah-têngah; 4 mbênêri, pinuju, ing wêktu; wis [x]-e: wis wayahe (wêktune); [x]-an êngg. kn: dêgan; sêdhêngane êngg: gênah bangêt yèn.
sêdhêngklang: êngg. kn. liggih[3] tangane siduwa.
sêdhêp: kn. 1 enak tmr. ambu (ambuning pandhan lsp); 2 êngg. rada pait; 3 br. sarwa nyênêngake tmr. gunêm lsp.
sêdhêp-malêm: kn. ar. kêmbang.
sêdhêpêk, sêdhepok, sêdheprok: kn. linggih dadakan (marga urmat).
sêdhidhik: êngg. pc. sathithik.
sêdhih: kn. 1 êngg. jijik; 2 susah bangêt.
sêdhiya: kn. kc. sadhiya.

sêdhil: kn. 1 ora mèntèr urube tmr. rokok lsp; 2 ora gangsar; kc. sêdhêl.
sêdhilit, sêdhiluk, sêdhilut: êngg. pc. sêdhela.
(sêdhuh): di-[x] êngg. kn. disoki wedang.
sêdhumil: pc. sathithik bangêt.
sêdhut: mak [x] pc. krasa kaya didudut.
sêdhot: mak [x] pc. mak sêdhut; di-[x] kn: disêrot (tmr. udud); kc. sumêdhot.
sêg: I êngg. k. lagi; kc. sawêg. II êngg. pc: katêranganing mati dadakan, lêga bangêt lsp.
sêga: n. sêkul k. bêras sing wis matêng (diliwêt ut. diêdang); mambu-mambu yèn [x] pr: sênadyan ala nanging isih sêdulur.
sêga jagung: n. sêkul jagung k. jagung sing diliwêt (diêdang).
sêga gêbuli: (kêbuli) n. sêkul gêbuli (kêbuli) k. sêga dicampuri iwak daging lsp.
sêga gurih: (-liwêt, -uduk, -wuduk) n. sêkul gurih (-liwêt, -uduk, -wuduk) k. sêga dicampuri santên.
sêga golong: n. sêkul golong k. sêga diglindhingi dianggo slamêtan.
sêga gorèng: n. sêkul gorèng k. sêga dibumboni sarta digorèng.
sêga lulut: n. sêkul lulut k. sêga dicampuri kêtan.
sêga mas: (-punar) n. sêkul jêne (-punar) k: sêga dikuning ing kunir.
sêga pênak: (-pulên) n. sêkul pênak (-pulên) k. sêga diangi.
sêga pondhoh: n. sêkul pondhoh k. jênang jagung dikênthêlake.
sêga ramês: n. sêkul ramês k. sêga lan lêlawuhan dicampur.
sêgah: k. suguh.
sêganu: êngg. wingènane; kc. sêg.
sêgantên: k. sêgara.
sêgara: n. sêgantên k. kc. sagara.
sêgawon: k. asu.
sêgèh: pc. cêgèh.
sêgêh: kw. ak. suguh.
sêgêr: kn. 1 krasa enak asumyah tmr. pangrasa ilat ut. badan; 2 katon waras tmr. badan, têtuwuhan lsp; sêsêgêran, [x]-[x]-an: panganan (ombèn-ombèn) sing sêgêr rasane.
sêgêr kuwarasan: kn. awake krasa kêpenak sarta waras.
sêglang-sêglèng: pc. lembeyan sêmplah-sêmplah.
sêgu: (ut. sêgunên) kn. cêkikên, glègèkên; ora [x]: ora nywara (tanpa uni).
sêgulud: êngg. pc. satumpuk (sapunthuk), rukun, rujuk.
sêgung: kn. ar. kewan (mawa ambu ora enak).
(sêgurah): di-[x] kn. diuja (dilêbêng) ing pangan (pisuguh).
(sêgok): di-[x] êngg. pc. disogok.
sêgotrah: êngg. kn. dunung, ênggon; kc. sagotrah.
--- 553 ---
sêgrag ~ sêlang-surup.
sêgrag, sêgrèg: êngg. kn. sigrak.
sêgrak: kn. sêngak bangêt.

sêgrèk: kn. bngs. graji cilik (piranti mranggi).
(sêgrok): di-[x] kn. disosog (ngundhuh wowohan lsp).
sêgsêg: (-an) êngg. kn. rikat, enggal.
sêk: mak [x] pc. sanalika mati; kc. sêg.
sêka: I êngg. pc. saka, sangka. II êngg. k. suku (satêngah rupiyah).
sêkabat: kn. murid.
sêkade, sêkadi: pc. cocog, patut tmr. panganggo.
sêkait: (-an) kn. sêkuthon, wis sarêmbug dhisik.
sêkal: I (ut. sêkala) êngg. kn. sanalika; kc. sakal, sakala. II (W) kn: digêdhèkake ut. dicilikake ukurane (tmr. gambar bumi lsp).
sêkalir: êngg. kn. sakabèhe, sakèhe.
sêkalor: êngg. kn. saèm. ayan nanging ora nganggo muruh.
sêkang: êngg. pc. sangka, saka.
sêkaut: (W) kn. panggêdhe pulisi.
sêkar: k. 1 kêmbang; 2 têmbang; dipun [x] ki: dikijing; dipun-[x]-akên k: ditêmbangake; [x]-an: 1 k. kêmbangan; 2 êngg. k. kuburan; 3 ki. kijing.
sêkarat: (A) kn. kongah-kongehan nalikane ngarêpake mati.
sêkatèn: kn. (sêkatos k. ak): 1 ar. gamêlan ing kraton (Ngayogya, Surakarta, Cêrbon); 2 karamean ngarêpake grêbêg Mulud (nganggo nabuh gamêlan kasêbut).
sêkatêr: (W) kn. tukang nêksir ing pagadhean.
sêkati: êngg. kc. sêkatèn.
sêkatha: kw. kreta.
(sêkathung): di-[x] êngg. kn. diapusi, diblithuk.
sêkawan: k. papat.
sêkèbêr: kn. ak. ar. pangkat priyayi pangrèh praja.
sêkèki: êngg. pc. bngs. wrana mawa canthelan.
sêkeca: k. kêpenak.
sêkèci: êngg. kn. prau cilik (sêtum barkas).
sêkèthèng: kn. gapura kang anjog marang nêgara, kutha lsp.
sêkewuh: n. sêkèwêd k. pakewuh.
(sêkêb): di-[x] êngg. kn. diungkêb murih matêng tmr. wowohan.
sêkêdhap: k. sêdhela.
sêkêdhik: k. sêthithik.
sêkêl: kw. susah, sêdhih.
sêkêmbu: êngg. kn. sêkuthon, tumandang bêbarêngan.
sêkêndi: êngg. pira.
sêkiye, sêkiyèn: êngg. saiki.
sêkilwak: (W) kn. (prajurit) jaga.
sêking: kn. lading cilik; di-[x]: diiris nganggo sêking (gulune lsp).
sêkloron: n. sêkaliyan k. wong loro lanang wadon.
(sêkuja): di-[x] êngg. kn. diuja ing sakarêpe.
sêkul: k. sêga; disêkuli kn. dikanji.
sêkung: I kw. adrêng (kêpengin) bangêt. II êngg. kn: rambuting oyod arèn (sok digawe kala).
sêkuthu, sêkuthon: kn. wis sêkaitan (sarujuk) sumêdya ngraman lsp.

sêkojur: kn. (awak [x]) awak kabèh.
sêkolah: kn. 1 lumêbu sinau ing pamulangan; 2 (ut. [x]-an) pamulangan; di-[x]-ake: dilêbokake ing pamulangan.
sêkon: kn. 1/60 mênit.
sêkong: êngg. kn. ar. prau cilik.
sêkongkêl: kn. sêkaitan, sêkuthu.
sêkonyar: kn. ar. prau.
sêkop: (W) kn. ar. piranti dianggo nyidhuk, ngulêd labur lsp.
sêkotor: kn. ar. prau.
sêkotri: kn. prajurit mirunggan.
sêkoci: (W) kn. ar. prau cilik; 2 êngg. bngs. dhokar.
(sêkrap): di-[x] kn. dikêrok, dibusêk.
sêkrip: (W) kn. buku panulisan.
sêkrup: (W) kn. mur.
sêkrok, sêkrop: êngg. kn. sêkop.
sêksêkan: kn. kêbak bangêt, sêsak bangêt.
sêksi: kn. kc. saksi.
sêkti: kw. duwe kaluwihan ngungkuli kodrat; kc. sakti.
sêl: mak [x] pc. katêranganing nglêbokake lsp.
sêla: kn. 1 (ut. [x]-[x]) antaraning barang loro sing lowah; 2 lowong ora ana isine, lêga; 3 kêbênêr nganggur (ora duwe pagawean); 4 êngg. sasi Dulkangidah; nyêla: mêdhot (nêngahi) gunêm, pagawean lsp; disêlani: 1 disêsêli (ditêngahi, diantarani) prakara liya; 2 ditêngahi ing gunêm; disêlakake: didokok ing sêla-sêlane.
sêlag: êngg. kn: banjêl; di-[x] êngg: disilih sêdhela; di-[x]-i êngg: dibanjêli tmr. pagawean.
sêlaga: kw. kc. slaga.
sêlagi: kn. 1 ing nalikane; 2 (ut. sêlagiya) sênadyan.
(sêlah): I di-[x] êngg: disèlèh, didokok. II di-[x] êngg: disilih.
sêlayan: pc. sulaya.
sêlak: kn. 1 wis ndungkap (mèh ...), up. [x] mangkat; 2 enggal (rikat, kêsusu) arêp ...; di-[x]: digêlak supaya enggal rampung; ke-[x]: 1 kêsusu arêp (bakal) ...; 2 saèm. watuk dadakan marga ngombe lsp. kêsasar ing gurung.
sêlam: kn. 1 pc. Islam; 2 êngg. têtak; di-[x]-ake êngg: ditêtakake.
sêlan: ut. sêsêlanan kn. 1 antara, lowahan; 2 apa-apa sing dianggo ngantarani (êlêt-êlêt); kc. sêla.
sêlang: I kn. gênti, silih. II di-[x] êngg. n: disilih; di-[x]-i êngg: disilihi. III (ut. [x]-an) êngg. kn: ora usah, ora pêrlu.
sêlang-gumun: (-ên) êngg. kn. gumun bangêt.
sêlang sêbat: êngg. kn. mèh padha, mung sathithik bedane.
sêlang-sêling: kn. gonta-ganti (urut) nanging ora digawe padha bae).
sêlang-silih: kn. nyênyilih apa-apa.
sêlang-surup: kn. kliru tampa.
--- 554 ---
sêlangkung ~ sêmbah.
sêlangkung: k. ak. sêlangkung (25-).

(sêlap): di-[x]-ake êngg. kn. disêsêlake ing, dislêmpitake ing.
sêlap-sêlip: kn. katon ana sing sumêla (sumlêmpit).
sêlapan: kn. ([x] dina) 35 dina.
sêlar: kn. bngs. gêrèh.
sêlarik: êngg. kn. 6 dhuwit (± 5 sèn).
sêlasa: pc. salasa.
sêlat: I (ut. [x]-an) êngg. kn. 1 supitan (sêgara ing antarane pulo); 2 kidul, angin saka kidul. II ([x]-an) êngg. kn: kaanan. III êngg. kn: ar. sayuran.
sêle: I kn. mung siji tmr. apa-apa kang pancèn ana jodhone; nyêle: ndhewe, katon anèh dhewe, ora padha karo liyane; sêlèn: ora padha tmr. barang rêrakitan. II ut. sêlèi kn: ar. panganan sing digawe wowohan lsp.
(sêlèg): I nyêlèg êngg. kn. nyêle, nganèh-anèhi. II [x]-[x] êngg. kn. katêrangan lakuning wong wadon sing bêcik.
(sêlèh): di-[x] êngg. disilih.
(sêlèk): di-[x]-ake pc. diwêlèhake; ke-[x]: 1 pc. kêwêlèh; 2 pc. kêsangkut ing bolah sing dudu gêlasan.
sêlèn: kn. ora padha tmr. barang rêrakitan (pêpasangan); kc. sêle.
sêlèt: I mak [x] pc. katêranganing nyabêt, mêcut lsp. banter. II di-[x] êngg: disilih.
sêlêk: êngg. kn. sêlak.
(sêlêr): di-[x] kn. dicolong (kalawan nglimpe).
sêlikur: kn. 21; [x]-an: ar. mainan nganggo kêrtu gêdhe.
sêling: ut. di-[x] kn. digonta-ganti ing warna lsp. liyane; kc. sêlang.
sêling-surup: n. sêling sêrêp k. kliru tampa.
sêlip: I êngg. pc. mèncèng, nlisip, ora pênêr. II di-[x]-ake êngg. kn: ditlêsêpake, disêlapake.
sêlir: kn. ampil, ampeyan ki. bojo sing dudu baku, gundhik; di-[x]: 1 êngg. dipilih, dipilihi; 2 diêpèk sêlir; (sê-)[x]-an êngg: prajurit pêpilihan; kc. sinêlir.
sêlup: (W) kn. ar. prau.
sêlur: (ut. anglur) [x] kn. nggalur, urut-urutan dawa bangêt.
sêlut: kn. mas, slaka lsp, kang dianggo mblêbêd peranganing barang adèn-adèn (ukiran, têkên lsp); di-[x]: diblêbêd ing êmas, slaka lsp.
sêlok: êngg. kn. bngs. pangot sing nyanthuk.
sêlon: êngg. kn. bumbung dianggo wadhah bumbu lsp.
sêlop: (W) kn. bngs. cênela.
sêlot: I kn. 1 êngg. saya; 2 (ut. [x]-[x]) saya suwe saya. II (W) kn: kancing lawang.
sêma: kw. ak. kuburan.
sêmada, sêmadan: êngg. kn. rada.
sêmadi: kw. ngêningake cipta.
sêmados: k. sêmaya.
sêmagar: (-an) êngg. kn. kanthi têmên-têmên (mêmpêng).

sêmaya: n. sêmados k. njaluk mundur ing liya dina (wêktu); disêmayani: disaguhi nanging ing liya dina (wêktu); sêmayan n. sêmadosan k: kêncan, prajanjian wêktu lsp.
sêmayi: kn. ar. lêlawuhan sing digawe ampas krambil diwayokake.
sêmak: I êngg. kn. jêblog. II êngg. kn: 1 bapa, biyung. III kn: ar. woh sing ngyiyid (dianggo ngusari payung); di-[x]: diusari ing sêmak (saèm. diêlim) tmr. payung; kc. kêsêmêk. IV di-[x] kn: ditamatake sarta diturut (tmr. maca lsp).
sêmakeyan, sêmangkeyan: pc. umuk, ngunggul-unggulake pangkate lsp; kc. sumakeyan.
sêmambu: êngg. kn. têkên pênjalin.
sêmana: n. sêmantên k. 1 kèhe padha karo kae; 2 ing nalika.
sêmandan: êngg. kn. rada.
sêmandi: êngg. kn. ditandhing karo; kc. sumadi.
sêmantên: k. sêmana.
sêmang: I êngg. kn. 1 têka; 2 ndadak, ndadak nganggo. II kn: panyana, pawadan, sangsalan; ora [x] êngg: ora susah, ora sumêlang; [x]-[x]: kuwatir, sumêlang, gojag-gajêg.
sêmangat: êngg. kn. jiwa, roh.
sêmangêr: êngg. kn. bêcik, bagus.
sêmanggi: kn. ar.têtuwuhan.
sêmangka: kn. ar. woh bngs. timun gêdhe; sigar [x]: diparo byak.
sêmangkeyan: pc. sumakeyan.
sêmangkin: I kn. ak. saiki. II êngg. kn: saya.
sêmaur: êngg. kn. mangsuli; kc. saur.
sêmaput: kn. (dadakan) ora eling.
sêmar: ut. [x]-[x] kn. congkoking cagak, lawang lsp. dipasang mrapat dianggo pikukuh; di-[x]-i: dicongkogi.
sêmara-bumi: kn. sing mbau-rêksa bumi.
sêmar-mêndêm: kn. ar. panganan sing digawe kêtan karo iwak.
sêmar-mèsêm: kn. ar. lurik lan ar. bathikan.
sêmar-tinandhu: kn. omah joglo tanpa saka guru.
sêmat: I êngg. kn. biting (dianggo nyunduki wungkusan). II êngg. kn: kumat, angot. III êngg. kn: ringgit.
sêmata-mata: digawe [x] pc. dituduh-tuduhake (ora ginawe wadi).
sêmawon: êngg. k. bok manawa.
sêmbada: kn. 1 sarwa kacukupan (sêntosa, kuwat lsp); 2 cocog, patut, pantês; 3 pc. rada sugih, kacukupan; disêmbadani: 1 disêntosani (dipêpaki ing sakapêrluane); 2 ditanggulang, dilawan; 3 dituruti, dilêksanani pangarêp-arêpe lsp.
sêmbados: êngg. k. sêmbada.
sêmbaga: pc. sumbaga.
sêmbadi: kn. cita wêton ngamanca.
sêmbah: I êngg. kn. bapa-biyunge wong tuwa; kc. êmbah. II kn: tandhaning pangaji-aji sarana nangkêpake tangan kang kapênêr jêmpol kagathukake ing irung ut. bathuk; di-[x]: diajèni (diurmati) kaya kang kasêbut; sêsêmbahan: pêpundhèn.

sêmbah-bêkti: kw. urmat sarta ngaji-aji.
sêmbahyang, sêmbayang: kn. 1 salat (limang wêktu); 2 mêmuji sarta nênuwun marang Allah; di-[x]-ake: disêsuwunake marang Allah.
sêmbah-sungkêm: kw. sêmbah-bêkti.
sêmbarang: (-an) kn. sapa ut. apa bae; digawe [x]-an: dianggêp rèmèh.
sêmbari: êngg. kn. kambi, karo; kc. bari.
sêmbawa: kw. macan.
sêmbèn: êngg. pc. sambèn.
sêmbèr: (-lèwèr) kn. gêlêman (lanji) tmr. wong wadon.
sêmbèrèt: pating [x] kn. padha mancur (mili lsp) mlèncèng-mlèncèng.
(sêmbèt): di-[x] pc. disêmpèd, dièmbèt.
(sêmbêlèh): di-[x] kn. dipatèni sarana diiris gulune.
sêmbêt: kn. 1 (ut. barang [x], sêsêmbêtan) panganggo sing awujud jarit, klambi lsp; 2 gombal.
sêmbiyang: êngg. pc. sêmbahyang.
sêmbir: I kn. suwèk dawa, dawir; di-[x]-[x]: dipituturi (disêmoni) saka sathithik. II kn: ar. wit kayune sok digawe gambang.
(sêmbuh): I di-[x] kn. dianyarake manèh tmr. jarit sing wis lawas (sarana dibathik lan disoga manèh). II sinêmbuh, kêsêmbuh br: winuwuhan, wuwuh-wuwuh, tur.
sêmbulih: kn. pituwasing kangelan; di-[x](i): 1 dipulihake, didandani manèh; 2 dililihake supaya mari nêpsu.
sêmbung: I kn: ar. têtuwuhan. II di-[x] êngg: disambung.
sêmbur: kn. 1 wisaning ula sing disêbulake; 2 mamahan mênyan lsp. sing disêmprotake dianggo sarana nambani, ngilangake lêlêmbut lsp; luput [x] pr: 1 ora kêna dipênggak kêkarêpane; 2 kalis ing lêlara; sêmbur-sêmbur adas pr: pamuji ut. pandonganing wong akèh bok manawa njalari lan bêcike; ora uwur ora [x] pr: ora gêlêm ngrêmbug sathithik-sathithika; di-[x]: 1 didamu ing ula lsp; 2 disêmprot ing mamahan apa-apa minangka tamba lsp.
sêmburat: kn. sêmu (kêcampuran ing warna liya), up. [x] abang.
sêmboja: kn. ar. wit sok ditandur ing kuburan.
sêmbok: êngg. pc. êmbok, biyung.
sêmborot: (-an) êngg. kn. palanyahan.
sêmbrama: kw. mbagèkake; di-[x]: dibagèkake slamêt.
sêmbrana: kn. 1 kurang wêweka, kurang tumêmên; 2 êngg. ngajak gêguyon; [x] parikêna: njêjaluk mung winiwitan ing gêguyon; 2 ditêmbung kalawan sêmbranan; (sê-)sêmbranan: 1 ora têmênan; 2 gêguyon.
sêmbrani: kn. ar. jaran sing bisa mabur (miturut crita).
sêmbrantên: êngg. k. sêmbrana.
sêmbrèt: kn. thèthèl sarta suwèk; di-[x]: dithèthèl lan disuwèk.
sêmèdi: kw. ngêningake cipta; kc. sêmadi.
sêmèlèh: êngg. pc. sumèlèh.

sêmèn: I kn. 1 thukulan, trubusan; 2 ar. coraking bathikan; kc. sêmi. II (W) kn: bubukan gamping karo lêmpung dianggo adon-adon labur.
sêmendhe: pc. sumendhe.
sêmene: n. sêmantên k. (ukurane) padha karo iki.
sêmèni: udan [x] kw. udan kaworan angin; kc. sinêmèni.
sêmèngke: êngg. k. sêmene.
sêmèt: êngg. kn. sathithik bangêt.
sêmêga: kn. lagi sênêng-sênênge mangan; kc. sêga.
sêmêk: êngg. kn. jêblog, jêmbêk; kc. sêmak.
sêmêkan: ki. kêmbên.
sêmêkta: êngg. kn. samêkta, sumêkta.
sêmêlak: kn. ar. ombèn-ombèn kang digawe pace.
sêmêndhang, sêmêndhik, sêmêndhing: êngg. kn. cilik (sathithik) bangêt.
sêmêndhi: êngg. kn. ditandhing karo; kc. sumandhi.
sêmêne: êngg. kn. kobêr; kc. mêne, sumêne.
sêmêng-sêmêng: êngg. kn. sumlêngêt panas tmr. badan.
sêmêngguh: êngg. kn. umuk, sêngguh.
sêmêngkin: êngg. saiki.
sêmêngko: n. sêmêngke k. saiki.
sêmêpêr: êngg. kn. mampir.
sêmêrap, sêmêrêp: êngg. kc. k. wêruh.
sêmi: kn. trubus, tuwuh godhonge.
sêmiyur: êngg. kn. sumêlang.
sêmil: êngg. pc. sathithik bangêt.
sêmilih: êngg. kn. sênadyan mêngkonoa.
sêmingi: pc. njèngèk; kc. sumingi.
sêmir: (W) kn. ar. barang alintrêg-lintrêg dianggo nggosok sêpatu lsp.
sêmita: kn. sasmita.
sêmu: kn. 1 glagat sing kawahya ing polatan (praèn); 2 katone kaya; 3 rada kadunungan warna (sipat lsp); 4 nyênêngake; disêmoni: diwèhi pitutur lsp. sarana têtêmbungan (pratingkah) sing sinamun; pasêmon: 1 pralambang, crita pêpindhan; 2 sêmu.
sêmukirang: kn. ar. coraking bathikan.
sêmungguha: n. sêmênggaha k. êngg: manawa, saupama.
sêmur: kn. ar. lêlawuhan.
sêmuruh: kn. manutan.
sêmut: kn. ar. kewan bngs. rangrang cilik; [x]-ên êngg: gringgingên.
sêmut gatêl: kn. 1 ar. sêmut; 2 êngg. bangsat, durjana; 3 êngg. (Ngayogya) abdi-dalêm panakawan yèn grêbêgan nganggo jarit lurik abang ngore rambut acundhuk jungkat (kêmbang)
sêmuwa: kn. samuwa, samuha.
sêmono: n. sêmantên k. (ukurane) padha karo iku; [x] iku: mêngkono iku; [x] uga: mêngkono uga.
sêmontên: pc. k. sêmono.
sêmongkêl: êngg. pc. sêkongkêl.
(sêmpad, sêmpèd): di-[x] kn. disrèmpèt (digêpok, dièmbèt) sathithik.

sêmpal, sêmpèl: kn. putung sarta sêmplok tmr. pang lsp; di-[x] dipokah, diputung lan disêmplok; sêmpalan: 1 apa-apa sing wis sêmpal; 2 sidhatan (cawang) tmr. kali; 3 carangan tmr. crita; 4 dudu baku tmr. agama.
sêmpana: kn. ar. dhapuring kêris.
--- 556 ---
sêmparat ~ sêntana.
sêmparat, sêmparèt: kn. katêranganing lunga (mlayu) rikat.
sêmpêt: êngg. pc. kobêr.
(sêmpit): di-[x] êngg. kn. ditêmpil.
(sêmpyok): nyêmpyok kn. nyampyuk ngênani (tmr. banyu lsp); ke-[x]: 1 kêsampyuk ing banyu lsp; 2 katut ala, katut kadakwa.
sêmplah: kn. 1 saèm. sèngklèh; 2 nglumpruk êntèk dayane (pangarêp-arêpe lsp); [x]-[x]: mlaku lèmbèhane sêmu dhèngklèh-dhèngklèh.
sêmplak: êngg. kn. sêmplok.
sêmple: êngg. kn. sêmplah.
sêmplèh, sêmplèk: êngg. kn. sêmplok.
sêmplok: kn. bujat, sêmpal pisah saka gathukane.
sêmpu: kn. ar. wit.
sêmpug: kn. bujêl, papak bangêt.
sêmpulur: kn. gangsar, tansah kêrêjêkèn.
sêmpoyongan: kn. mlaku sênggoyoran.
sêmporot: pating [x] kn. muncrat mrana-mrana.
sêmprang: kn. bngs. kêndhêla.
sêmprat-sêmprut: pc. tansah nyêrot umbêl.
sêmprit: 1 ki. sisi; 2 kn. angkuping godhong suruh; 3 ([x]-an) kn. ar. piranti dianggo awèh têngara ênggone ngunèkake sarana disêbul: di-[x]-i: 1 ki. disisèni; 2 kn. diwèhi têngara sarana unining sêmpritan.
sêmprul: êngg. kn. têmbako sing ala dhewe.
sêmprung: mak [x] kn. katêranganing lunga (mabur).
sêmprong: kn. 1 bumbungan piranti kanggo ndamoni gêni; 2 bumbungan kaca tutup diyan; 3 kèkêr; 4 ar. kuwih-kuwih; di-[x]: 1 didamoni nganggo sêmprong; 2 dikèkêr, didêlêng nganggo sêmprong; 3 dienggalake matênge (wowohan sing mêntah) sarana dipanasi lan diêpêp.
sêmprot: (-an) kn. piranti dianggo nyuratake banyu lsp; di-[x](i): disiram lsp. sarana sêmprot; di-[x]-ake: 1 disiramake sarana sêmprot; 2 disêmburake.
sêmrawang: kn. ora rapêt (rêntêt) tmr. tênunan lsp.
sêmrinthil: pc. agahan mèlu (mlaku, gêlêm).
sêmriwing: kn. krasa isis bangêt, rasa kaya rasaning adas.
sêmrobot: êngg. kn. wiwit tuwuh kêtêl tmr. pari.
sêmromong: êngg. kn. krasa panas.
sênaja, sênajan: êngg. sênadyan.
sênagi: (-a) êngg. sênadyan.
sênag-sênig: êngg. pc. rasaning ati sumêlang.
sênaos: (a) êngg. k. sênadyan.

sênapan: kn. bêdhil.
sênar: (W) kn. kawating rêbab, crêmpung lsp.
sênasa: êngg. k. sênadyan.
sêndarèn: kn. pring diwangun kaya gêndhewa cilik didokoki sêndhêng iratan pring ut. godhong gêbang dipasang ing layangan yèn katampêg ing angin bisa muni.
sêndari: kn. ak. sêndarèn.
sêndawa: I kn. bngs. manuk sriti. II kn: 1 jasad sing digawe obat; 2 êngg. k. obat.
sêndawi: êngg. k. sêndawa.
sêndika: kn. sandika.
sêndut: êngg. kn. kêdut.
sênjata: k. bêdhil.
sênjata-pitulung: kn. bantu sarta pitulungan.
sêndhakêp: êngg. kn. sidhakêp.
(sêndhal): di-[x] kn. ditarik ngêgèt (tali lsp).
(sêndhal-mayang): di-[x] kn. ditarik (dijêbol) ngêgèt (tmr. sukma saka ing badan lsp).
sêndhal-pancing: kn. diulur banjur disêndhal (didudut).
sêndhang: kn. bêlik gêdhe ing pagunungan lsp; [x] kaapit pancuran: sêdulur têlu lanange loro wadone siji; pancuran kaapit sêndhang: sêdulur têlu wadone loro lanange siji.
sêndhêng: êngg. kn. talining gêndhewa.
sêndhêt: kn. rêndhêt, ora bancar iline.
sêndhi: êngg. kn. congkok, sikilan, ganjêl; kc. sumêndhi.
sêndhu: kn. swara sêntak (sêrêng); di-[x]: diwaoni kalawan swara sêntak (sêmu nyrêngêni).
(sêndhul): di-[x] êngg. kn. disundhul.
(sêndhol): di-[x] pc. disondhol.
sêndhon: kn. 1 gamêlan (binarêngan ing têtêmbangan).
sêndhon-waon: kn. sênêng nyêndhu lan maoni; kc. sêndhu.
sêne: êngg. k. uyuh, nguyuh.
sênèn: kn. ar. dina sing kapisan; [x]-an êngg: watangan ing dina sênèn.
(sênèn): di-[x]-i êngg. pc. disrêngêni.
sênenjong, sêninjong: êngg. kn. 1 sêga karo lêlawuhan dicampur-adhuk; 2 campur-adhuk.
sênengga: êngg. pc. manawa, saupama.
sênès: êngg. k. 1 seje, liya; 2 dudu; kc. sanès.
sênèt: mak [x] êngg. pc. krasa kaya dicocog (kêna gêni lsp).
sênèwên: êngg. pc. lara saraf, rada gêndhêng.
sênêb: kn. saèm. sêbah.
sênên: kw. 1 sorot, cahya; 2 endah, kaendahan; ka-[x]-an: kasorotan.
sênêng: kn. 1 dhêmên marang; 2 bungah sarta marêm; di-[x]-i: didhêmêni, dikarêmi; [x]-[x]: nglêlipur ati supaya sênêng.
(sênêt): [x]-an kw. ndhêlik, umpêtan; pa-[x]-an: pandhêlikan.
sêni: êngg. k. uyuh, nguyuh.

sênig-sênig: êngg. pc. dhêg-dhêgan marga sumêlang.
sêniyèn, sêniyin: êngg. k. biyèn.
sênik: kn. 1 bngs. tenggok; 2 êngg. bngs. kopyah.
sêninjong: kn. kc. sênenjong.
sênit-sênit: kn. krasa kaya dijiwiti.
sênuk: kn. ar. kewan (tapir).
sênunggal, sênunggil: pc. k. siji.
sênut-sênut: kn. saèm. sênit-sênit.
sêntak: I kn. wêngku sing digawe ngêncêngake wlulanging trêbang, kêndhang lsp. II kn: têtêmbungan sing sêrêng sarta ngêgèt; di-[x]: 1 disrêngêni kanthi swara ngêgèt; 2 disêndhal, dikagètake.
sêntana: I kn. 1 sanak sêdulure priyayi
--- 557 ---
gêdhe; 2 êngg. pangiring sarta brayate lurah desa. II êngg. k: pakuburan.
sêntani ~ sêngir.
sêntani: kw. bantal.
sêntèg: kn. katêranganing ngênêtake wlira ing tênunan; [x] sapisan anigasi pr: gunêman sapisan dadi; di-[x]: 1 diênêtake ngêgèt supaya madhêt (tmr. tênunan lsp); 2 disêkul, disur (ênggone, pangkat lsp).
sêntèlèng, sêntèlêng: pc. 1 andhan-andhan, jlagragan; 2 kaklumpukaning barang-barang kang dipitontonake.
sêntika: kw. pintêr ulah gêgaman.
sêntil: kn. 1 daging nyênil ing sadhuwuring poking ilat; 2 jêpatan ing bêdhil, kala lsp.
sênting: êngg. kn. ar. klambi (wong lanang).
sêntlap-sêntlup: pc. tansah nyêrot umbêl.
sêntug: mak [x] pc. mambu kang ora enak sumêgrak.
sêntul: kn. ar. wit.
sêntut: pc. sabuk wlulang.
sêntoyang-sêntaying, sêntoyongan: kn. sêmpoyongan, sênggoyoran.
sêntolo: I êngg. kn. bngs. planggrangan prau, pathokan. II êngg. kn: ar. woh bngs. durèn.
sêntolop: lampu [x] kn. bngs. lampu gantung.
(sêntor): di-[x] kn. 1 digrujug (dikentasake) ing banyu; 2 (ut. di-[x]-ake) dikatogake, diporake.
sêntosa: kn. kc. santosa.
sêntrap-sêntrup: pc. tansah nyêrot umbêl.
(sêntrong): di-[x] êngg. kn. dicêngkolong.
sênthak-sênthuk: kn. tansah nangis (monthak-manthuk).
sênthar-sênthir: pc. kêmpas-kêmpus (udud).
sênthèt: I pc. panas (tmr. srêngenge); di-[x]-ake pc: 1 diglanthang, dipepe; 2 digawe panas atine. II êngg. kn: bênthèt. III di-[x] kn: dijupuk (tmr. lawe ing pangantihan).
sênthêng: kn. 1 tali lsp. sing dipanthêng; 2 (kayu [x]) kayu, wilah lsp. sing dicuwakakake malang (ing andha lsp); graji [x]: graji sing nganggo tali dipanthêng.

sênthiyêng, sênthiyêr, sênthiyot: mak [x] pc. katêranganing lunga (mangkat lsp) rêrikatan tanpa sêbawa.
sênthir: kn. 1 diyan cilik nganggo ucêng-ucêng (sumbu); 2 (mak [x]) pc. mancur cilik.
sênthit: I kn. swaraning sêmpritan sêpur lsp. II di-[x]-ake êngg: diunthêt, dislingkuhake.
sênthuk-sênthuk: pc. sênthak-sênthuk.
sênthong: (-an) kn. guthêkan ing sajroning omah (dianggo papan turu lsp); [x] têngah: sênthong ing têngah-têngahing omah buri (dianggo nêmokake pangantèn lsp).
sênthot: mak [x] pc. katêranganing lunga (mangkat, mlayu lsp) rikat.
sêng: I mak [x] pc. katêrangan sumêbaring ambu sing ora enak. II êngg: sangka.
sêngadi: kn. api-api, pawadan.
sêngados: k. ak. sêngadi.
sêngaja: êngg. pc. njarag; di-[x] êngg. pc: dijarag; 2 pancèn diniyati ing sadurunge.
sêngak: kn. ambu sing sumêgrak (kaya ambuning cokak).
(sêngap): di-[x] kn. disêndhu sarta disêntak.
sêngar: kn. pêngar.
sêngara: 1 kw. wêwêlak sing njalari cabar (wurung lsp); 2 kn. ak. prasêtya ora bakal nglakoni; 3 êngg. mokal, nglêngkara yèn kêlakon; disêngarakake kw: ditibani sêngara (wêwêlak).
sêngèn: I êngg. k. biyèn. II di-[x]- êngg: disrêngêni.
sêngenge: pc. srêngenge.
sêngèr: mak [x] pc. mak cêngèr.
(sêngên): di-[x] pc. disrêngêni.
sênggak: (-an) kn. nywara giyak arame mbarêngi (nyambungi) unining gamêlan (sindhèn); di-[x]-i: dibarêngi ing sênggakan.
sêngganèn: kn. ar. gamêlan, gêdhah.
sênggani: kw. 1 barung ing swara (cahya lsp); 2 sêngganèn.
sênggang: 1 êngg. k. sêla; 2 êngg. k. mayar; 3 ki. waras.
(sênggara): di-[x] kw. disapa (diaruh-aruhi) kalawan manis; di-[x] macan kw: digêtak, dipêksa.
sênggata: êngg. k. suguh; kc. sugata.
(sênggèh, sênggih): di-[x] êngg. kn. disêngguh.
sêngglèng-sêngglèng: pc. (tangane) dhêngklèh-dhêngklèh.
sêngguh: I kn. 1 êngg. dhiri, ora sumlondhoh; 2 êngg. duwe ambêk kaya; di-[x]: dikira, dianggêp kaya. II di-[x] êngg. kn: disêmbuh.
sênggung: kn. bngs. rase sing mawa ambu ora enak.
sênggur-sênggur: kn. pêpindhan swaraning wong ngorok.
(sênggut): nyênggut kn. mangan sukêt ing pasukêtan tmr. sapi lsp.
sênggutru: kn. calon kinjêng (sêmprang) sing isih ana banyu.
sênggoyongan, sênggoyoran: êngg. kn. sêmpoyongan arêp tiba.
sênggor-sênggor: kn. sênggur-sênggur.
(sênggrak): di-[x] pc. disênggrang.
sênggrak-sênggruk: kn. 1 sêntrap-sêntrup; 2 nangis mingsêg-mingsêg.

(sênggrang): di-[x] kn. disêndhu (dinêpsoni) kalawan sêrêng.
(sênggrèk): di-[x] pc. disènggèt.
(sênggrèng): di-[x] kn. digosok (diunèkake) tmr. rêbab lsp.
sênggring-sênggring: kn. kuru bangêt.
sênggruk: kn. 1 têmbako lsp. dianggo ambon-ambon (sêrotan); 2 obat ambon-ambon dianggo nglêngêrake wong sing arêp dibêdhèl; di-[x]: 1 diamboni sênggruk; 2 diklêngêrake sarana sênggruk.
sênggruk-sênggruk: kn. 1 sêntrap-sêntrup; 2 nangis mingsêg-mingsêg.
sênggrok-sênggrok: kn. swaraning cèlèng, babi lsp.
sêngiyèn: êngg. k. biyèn.
sêngik-sêngik: kn. swaraning ambêkane wong mêngi.
sêngir: kn. ambu kaya dene ambune jêruk purut.
--- 558 ---
sêngit ~ sêpit.
sêngit: kn. 1 ora ngrêsêpake (njalari mangkêl) tmr. watak ut. têtêmbungan; 2 gêthing bangêt; nyêngit, nyênyêngit: ora ngrêsêpake, ora nyênêngake; di-[x]-i: digêthingi.
(sêngka): I nyêngka kn. 1 ndêdêr, munggah ndêdêr; 2 nyrêmpêng, ngêpêng; 3 nggayuh apa-apa kanthi rêkasa; 4 sing dhuwur (akèh, bangêt lsp) dhewe; disêngkakake: 1 (ing aluhur) br. dijunjung pangkate, dikulawisuda; 2 diunggahake, didhuwurake; 3 disrêmpêng, diêpêng; 4 dienggalake, dirikatake; kc. sêngkan, sumêngka. II pc: sangka.
sêngkayèg, sêngkayig, sêngkèyèg: pc. ora kukuh (rusak) tmr. omah lsp.
sêngkala: I kn. 1 têtêngêring taun sing sinandi ing têtêmbungan (ukara); 2 petungan taun; surya [x]: petungan taun miturut lakuning srêngenge; candra [x]: 1 petungan taun miturut lakuning rêmbulan; 2 têtêngêring taun sing sinandi ing ukara (têtêmbungan); disêngkalani: dicirèni angkaning taun; sêngkalan: ciri angkaning taun sing sinandi ing têtêmbungan, gambar lsp. II kn: cilaka, kêcilakan.
sêngkalang: êngg. kn. rodha, blêngkêring rodha; kc. cêngkalang.
sêngkan: I kn. 1 èrèng-èrèng lsp. sing ndêdêr munggah; 2 unggah-unggahan (saka asor munggah); 3 gêlakan tmr. pagawean; kc. sêngka. II wong [x] êngg: wong nênêka (ngamanca); kc. sangka.
sêngkang: I 1 êngg. k. suwung; 2 ki. suwêng. II êngg. pc: sangka.
sêngkap: êngg. kn. bngs. cêmpuling.
sêngkeyangan, sêngkèyèngan: êngg. kn. sêmpoyongan.
(sêngkèk): I di-[x] êngg. kn. disêndhal kêndhaline supaya bantêr; kc. sêngkrak. II kn. ak: singkèk.
sêngkêl: êngg. kw. sêdhih, susah; kc. sêkêl.
sêngkêlat: kn. lakên.
(sêngkêlang): êngg. k. sêngkêlit.
(sêngkêlit): di-[x] kn. ditlêsêpake ing bangkekan (ing iringan ut. buri) tmr. panganggone kêris lsp.
(sêngkêr): di-[x]-i kn. 1 êngg. dibêthèki, dipagêri mubêng; 2 mligi disêdhiyakake kagêm para luhur tmr. wowohan lsp; 3 dipingit tmr.

pangantèn wadon; 4 dikêkêr, digawe wadi; 5 k. dikurung(-i); [x]-an: 1 wit (wowohan lsp) sing disêngkêr; 2 pingitan; 3 k. kurungan.
sêngkil: êngg. kn. rêkasa, ora gangsar, sêrêt ênggone watuk.
sêngklèh-sêngklèh: pc. sêmplah-sêmplah tmr. lembeyan.
sêngkud: kn. kalawan rêrikatan sarta mêmpêng; di-[x]: digêlak, disrêmpêng.
sêngkoyag-sêngkayig: pc. ora kukuh (arêp rubuh).
sêngkoyang-sêngkoyong, sêngkoyongan: kn. sêmpoyongan.
(sêngkrak): di-[x] kn. 1 disêndhal kêndhaline supaya bantêr; 2 pc. disênggrang, disêntak.
sêngkrang, sêngkring: kn. krasa kaya dicocog ing kulite.
sênglèn: êngg. kn. sêlèn.
sênguk: I mak [x] pc. sengok. II êngg. kn: mambu bangêr (basêng). III [x]-[x] pc: swaraning ambêkan rêkasa.
sêngung: kn. umbag, umuk.
sêngur: I êngg kn. mambu bangêr (basêng). II êngg. kn: sêngung.
sêngol: êngg. pc. songol.
sêngsêm: kw. sênêng marang; agawe [x]-ing ati: nênarik ati; di-[x]-i: disênêngi; ke-[x]: kêladuk sênêng.
sêpa: kn. tanpa rasa.
sêpada: n. sêpaos k. pc. waspada.
sêpah: I êngg. k. tuwa; kc. sêpuh. II kn: ampasing apa-apa sing dimamah (kinang lsp).
sêpai: kn. prajurit bangsa Indhu.
sêpala: kn. sêpele, rèmèh.
sêpan: pc. mung trêp-trêpan bae.
sêpana: kn. ar. dhapuring kêris.
sêpantên: êngg. kn. sêpele.
sêpang: kn. ar. wit sing digawe cèt abang.
sêpangat: pc. pandonganing para Nabi.
sêparbang: (W) kn. celengan ing kantor pos.
sêpasmat: kn. ak. sêmat.
sêpasthika: kw. pasthika, musthika.
sêpat: kn. ar. iwak loh.
sêpata: n. sêpaos k. pc. supata.
sêpatu: kn. bngs. sêlop sing nlakup sikil.
sêpedhah: êngg. kn. pit.
sêpèi: kn. prajurit bangsa Indhu.
sêpèkuk: (W) kn. ar. kuwih-kuwih.
sêpèksi: (W) kn: pamriksa, mriksa.
sêpèktur: (W) kn. juru mriksa.
sêpèl: (W) pc. ajar (nglêlantih) bal-balan lsp.
sêpèlan: (W) kn. ejaan tulisan.
sêpele: kn. rèmèh, tanpa aji.
sêpèn: (W) kn. 1 kamar wadhah panganan ut. rampadan; 2 (tukang [x]) juru ladèn.
sêpèrsi: (W) kn. ar. sayuran.

sêpêkêt: pc. supêkêt.
sêpên: k. sêpi.
sêpêr: kw. mampir, lèrèn.
sêpêrti: n. sêpêrtos k. êngg. 1 kaya; 2 samangsa, manawa.
sêpêt: I kn. 1 rasa kaya dene rasane sawo mêntah; 2 krasa tabêl kaya ngantuk tmr. mata. II kn: tabon, kulit krambil.
sêpêt madu: br. lêgi bangêt.
sêpi: n. sêpên k. ora rame (ora ana wong, swara lsp); 2 suwung, ora ana; 3 tanpa, ora kadunungan; [x] ing pamrih: ora duwe melik; ora [x]: ora towong, tansah; nyêpi: mênyang ing papan sing sêpi; nêpi, nênêpi: tirakat ing papan sing sêpi.
sêpiyun: pc. mata-mata.
sêpir: (W) kn. 1 (ut. tukang [x]) wong kang njaga kunjara; 2 (ut. [x]-an) êngg. pc. kunjara; di-[x] êngg. pc: dikunjara.
sêpira: n. sêpintên k. pitakon nakokake kèhe; ora [x]: mung sathithik.
sêpiral: (W) kn. bêbulêtan.
sêpit: êngg. kn. têtak; di-[x]-i êngg: 1 k. disêmbêlèh; 2 ditêtaki; kc. supit.
--- 559 ---
sêpud ~ sêsêg.
sêpud: (W) pc. rikat, kêsusu.
sêpuh: I k. tuwa. II (ut. sêsêpuh) kn: waja dianggo ngatosake arit, pacul lsp; di-[x](i): 1 diatosake sarana dilapis ing waja tmr. arit lsp; 2 dituwakake warnane tmr. êmas; 3 didokoki jênu lsp. tmr. kali, banyu (arêp digolèki iwake).
sêpundi: k. pc. kêpriye.
sêpur: (W) kn. kreta api; nyêpur: nunggang sêpur.
sêpura: n. sêpuntên k. êngg. pangapura.
sêpoh: êngg. sêpuh.
sêpon: (W) kn. ar. barang sing kapês-kapês dianggo piranti rêrêsik lsp. (asal saka kewan sêgara).
sêporêt: (W) pc. ulah raga.
sêpragi: kn. mrabot, pêpak saubarampene.
sêprana, sêprono: n. sêprika k. nganti ing wêktu sêmana.
sêprana-sêprene: n. sêprika-sêpriki k. wiwit dhèk sêmana têkan saiki.
sêprapat: n. saprasêkawan k: 1 ¼; 2 2 ½ sèn.
sêpre, sêprèi: (W) pc. lèmèk kasur.
sêprene: n. sêpriki k. tumêkane saiki.
sêpritus: (W) kn. ar. barang cuwèr sing enggal nguwab sarta bisa murub.
sêpta: k. ak. doyan; kc. sapta.
sêptu: kn. dina sing kaping nêm.
sêr: I mak [x] pc. katêranganing mingsêr, ngalih lsp. II kn: lêr-lêraning tampar; [x] têlu: (tampar) lêr-lêrane rangkêp têlu.
sêrada, sêradan: êngg. rada.
sêrak: I kn. kapuk (sêrat nanas, gombal lsp) sing didokok ing watanging bêdudan (wadhah mangsi, wadhah malam panutulan)

minangka saringan. II kn: krasa gatêl lan klêkêr-klêkêr ing gulu (gorokan).
sêrambi: pc. pandhapaning mêsjid; kc. surambi.
sêrang: I kw. trajang, têmpuh; di-[x]: ditrajang, ditêmpuh. II (ut. [x]-an) kn: peranganing prau kang ngarêp; juru [x]: bngs. lêlurahing punggawa prau.
sêrap: I k. 1 surup; 2 êngg. pc. wêruh. II êngg. kn: kêlud; di-[x]-i êngg: dikêludi.
sêrat: I kn. 1 salêraning gêdêbog, godhong nanas lsp; 2 galêr-galêraning kayu; 3 urating godhong. II k: 1 layang; 2 jungkat; dipun-[x] k: 1 ditulis; 2 dibathik.
sêrban: kn. tulban.
sêrba-sêrbi: êngg. pc. sarwa, sruwa-sruwi.
sêrbat: kn. ombèn-ombèn nganggo jae lan bumbu liyane.
sêrbèt: kn. 1 kacu; 2 pc. kacu lap. dianggo lap; di-[x]-i pc: dilapi.
sêrdu: êngg. kn. sarju.
sêrju: kn. kc. sarju.
sêrdhadhu: kn. prajurit.
sêre: kn. bngs. alang-alang sing godhonge mambu sêdhêp sêngir (dianggo bumbu, lênga lsp).
(sêrèt): di-[x] kn. disês ki. diudud tmr. candu; [x]-an: padha nyêrèt (madat).
sêrêg: I êngg. kn. tau, sok. II êngg. kn: rikat, rêrikatan; di-[x](ake): 1 êngg. ditundhès, diujêg ing pitakon (panjaluk); 2 dirikatake, dienggalake; 3 êngg. dikon enggal (rikat); 4 (- ing prakara) digugat, dikêlah(-ake); [x]-an: 1 srêpêgan, gêlakan tmr. pagawean lsp; 2 êngg. tundhêsan; 3 panggugat, kêlah. III êngg. kn: sorog. IV iso [x]-an kn: iwak iso (usus) sing cilik-cilik.
sêrêh: kw. ak. suruh.
sêrêng: I kn. kalawan grêgêt (kêras), rada nêpsu; di-[x]: 1 disrêmpêng, diêpêng; 2 ut. di-[x]-i) dinêpsoni. II kn: banyuning kulit jêruk; di-[x]: dikêcêri sêrêng (tmr. mata).
sêrêp: k. surup.
sêrêtan: kn. ([x] olèh) gampang ut. enggal olèh.
sêrêt: kn. ora lobok, ora logro; 2 ora lancar tmr. gunêman; di-[x](ake): diulir lsp. supaya sêrêt; ke-[x]-ên: ora bisa kolu.
sêrga, sêrgi: pc. swarga, swargi.
sêrik: kn. lara atine; di-[x]-ake: dilarakake atine.
sêrikne: êngg. pc. bêgja dene, tujune.
sêring: êngg. kn. sok, kêrêp.
sêrit: I kn. jungkat sing unton-untone lêmbut sarta rapêt (dianggo golèk tuma); sêsêrit: jêjungkat nganggo sêrit; di-[x]-i: dijungkati nganggo sêrit (digolèki tumane). II kn: timun ênom.
sêrkah: êngg. kn. srakah.
sêru: kn. 1 banter (ora lirih) tmr. swara; di-[x] br: disêngkudake, disrêmpêng; disêroni: ditandangi (ditindakake) kanthi sêru; disêrokake: dibantêrake, dibangêtake.

sêrung: I kn. pang êrèn lsp. dianggo blongsong wit supaya aja dipènèki; di-[x]: 1 ditrapi sêrung; 2 br. disêngkêr, dikêkêr. II [x]-an kn: gêlakan, kanthi rêrikatan.
sêrut: kn. ar. têtuwuhan.
sêrucun: êngg. kn. sapangadêg (tmr. sandhangan).
sêro: êngg. pc. sêru.
(sêrog): di-[x]-ake kn. diêntêbake, disèlèhake ngêgèt; kc. srog.
(sêrot): di-[x] kn. diisêp.
sêrsan: (W) kn. pangkating sêrdhadhu.
sêrsan-mayor: (W) kn. ar. pangkating sêrdhadhu.
sêrta: kw. sarta.
(sêrtu): di-[x] kn. wis ora digape (dipêrduli, ditêpungi); sêsêrton: padha dene ora mêrduli (ora sapa aruh).
sêrwa: êngg. pc. sarwa.
sês: k. 1 udud; 2 rokok; 3 ki. sêrèt.
(sêsa): dipun-[x]-[x] k. disusu-susu; ke-[x] k: kêsusu.
sêsah: êngg. k. 1 suruh; 2 susah.
sêsak: kn. ora sêdhêng, ora amot (ora bisa mlêbu).
sêsêk: kn. 1 kêbak bangêt (tanpa sêla, jêjêl); 2 rikat tmr. panabuhing gamêlan;
--- 560 ---
3 cêkak sarta ora kêpenak tmr. napas; di-[x]: 1 dijêjêl, dikêbakake; 2 (di-[x]-ke) dirikatake tmr. panabuhing gamêlan; 3 (ut. di-[x]-ake) dienggalake, diajokake wêktune; [x]-an: rêrikatan tmr. panabuhing gamêlan; [x]-ên: cêkak sarta rêkasa ambêkane.
sêsêh ~ sêtrali.
sêsêh: kw. ak. susuh.
sêsêk: êngg. pc. sêsak.
(sêsêl): di-[x]-i kn. dijêjêli, dilêboni (ditlêsêpi) apa-apa tmr. bolongan lsp.
sêsêp: I di-[x] kn. diisêp, disêrot, dicêcêp; dipun-[x]-i k: disusoni; [x]-an k: suson. II di-[x]-ake kn: disusupake, ditlêsêpake.
sêsêr: I (ut. [x]-an) kn. ar. ali-ali (ubêd rangkêp); di-[x] êngg: diubêngake bantêr. II di-[x](i) kn: dikon mbanjêl (nggêntèni) pagaweaning liyan; ke-[x]: kalah pêrange nganti kêplayu.
sêsi: pc. sêksi, saksi.
sêt: mak [x] pc. katêranganing nalèni.
sêta: I kn. kc. asta. II k. ak: doyan; kc. sapta, sêpta, sêkta. III dipunsêtani pc: dipun-wastani.
sêtabêl: (-an) kn. prajurit nggawa mriyêm.
sêtajab: pc. mustajab.
sêtagèn: kn. sabuk sing digawe bakal tênunan kandêl.
sêtaking: (W) pc. mogok (ora gêlêm nyambut gawe).
sêtal: (W) kn. gêdhogan.
sêtalèn: êngg. pc. sêtali.
sêtali: n. sêtangsul k. 25 sèn.
sêtalpèn: (W) kn. gagang pèn.

sêtambuk: (W) kn. buku cathêtan jênêng (salasilah).
sêtambul: komidhi [x] kn. bngs. wayang wong cara Eropah.
sêtana: êngg. kn. pakuburan.
sêtandar: pc. jagragan pit, cagak diyan lsp.
sêtang: kn. 1 kêndhali; 2 cêkêlaning pit.
sêtangan: êngg. pc. sap-tangan.
sêtat: (W) kn. layang klowongan kang diisèni katêrangan ing prakara warna-warna (pambayaran, lsp).
sêtata: kc. satata.
sêtatit, sêtatitên: (W) kn. wêwaton pêpacaking pakumpulan.
sêtatur: pc. administratir.
sêtatsêblad: (W) kn. kala-wartining nagara.
sêtatsiun: (W) kn. papan êndhêg-êndhêgan sêpur.
sêtègêr: (W) pc. planggranan[4] (andhan-andhan) pancikaning tukang-tukang kang nggarap omah.
sêtegram, sêtegrap: pc. telegram, telegrap.
sêtèk: (W) kn. turus (bibit pohung).
sêtèl: (W) pc. 1 saprangkat tmr. patean lsp; 2 cocog (jodho); di-[x]: 1 diputêr tmr. jam, mêsin lsp; 2 dirakit; [x]-an pc: 1 rêrakitan, prangkatan; 2 kathok klambi (panganggo cara Eropah).
sêtèlêng, sêteling: kn. kaklumpukaning barang-barang sing dipitongtonake.
sêtèm: (W) kn. 1 swara; 2 laras; 3 cocog, jodho, mupakat; di-[x]: 1 dipilih sarana swara sing akèh dhewe; 2 dimupakatake; 3 dilaras.
sêtèmpêl: (W) kn. cap.
sêtèn: pc. asistèn-wadana.
sêteneya: êngg. witikneya.
sêtèng: kn. 5 dhuwit (± 4 sèn).
sêtêngah: kn. 1 sêparo; 2 paroning sawutuh; 3 dumunung ing têngah-têngah; 4 50 sèn (sêtêngah rupiyah); 5 pc. magêl, mogol, rada gêndhêng; kc. têngah.
sêtêngah tuwuh: kn. ± umur 35 taun.
sêtijab: kn. mandi tmr. tamba lsp; kc. mustajab.
sêtiyar: kn. istiyar.
sêtik: kn. dondoman plipidan; [x] balik: plipidan diwalik; di-[x]: didondomi, diplipid.
sêtilah: kn. 1 êngg. pc. cara, pratingkah; 2 pc. lêlakon sing wis dialami (dianggo tuladha); 3 pc. sêkarat.
sêtilpun: kn. tilpun, telepun.
sêtin: I kn. êngg. ar. cita. II êngg. kn: kênèkêr, dhir.
sêtinggar: kw. bêdhil.
sêtingkul: (W) pc. arêng watu.
sêtip: kn. karèt dianggo mbusak tulisan.
sêtipar: kn. donga nyuwun pitulungan marang Allah.
sêtir: (W) pc. obengan dianggo nglakokake montor.
sêtiti: kn. satiti, titi; disêtitèkake: ditamatake kalawan titi.
sêtiwêl: (W) kn. wlulang urunging sikil.

sêtlika: êngg. pc. sêtrika.
sêtu: pc. dina Sabtu.
sêtuju: pc. cocog, mupakat.
sêtum: (W) kn. 1 mêsin sing dilakokake ing uwab; 2 mêsin sêpur (lokomotip); 3 mêsin dianggo nggilês dalan; 4 êngg. sêmprong lampu, pipa; di-[x] pc: digilês tmr. dalan.
sêtum-barkas: kn. sêkoci.
sêtumbut: (W) pc. kapal api.
sêtun: êngg. kn. dêstun.
sêtunggal: k. siji.
sêtunggil: k. ak. siji.
sêtup: (W) kn. ombèn-ombèn nganggo ampas wowohan.
sêtut: I di-[x] pc: ditututi banjur dilancangi. II pc: congkok, cuwak. III pc: tomprang ing mainan nganggo kêrtu gêdhe. IV kn: 1 pungkasaning sabuk wlulang; 2 sabuk.
sêtokêr: (W) kn. tukang njaga gêni ing lokomotip.
sêtolêp, sêtolup, sêtolop: (W) kn. kc. sêntolop.
sêton: kn. ak. watangan ing dina Sabtu.
sêtop: (W) pc. mandhêg; di-[x]: 1 diêndhêg, diêndhêgake; 2 dilèrèni, ora dibanjurake, ditutup.
sêtoplas: (W) pc. papan êndhêg-êndhêgan trèm.
sêtoplès: (W) êngg. pc: 1 gêndul; 2 lodhong gêlas.
sêtor: (W) pc. pasok dhuwit; di-[x]-ake: dipasokake.
sêtori: êngg. pc. padu, padudon, tukaran.
sêtotêr: kn. kêrtu gêdhe (wêton Eropah); [x]-an: main nganggo kêrtu gêdhe.
sêtrali: kn. ar. lampu.
--- 561 ---
sêtrap ~ sigar sêmangka.
sêtrap: (W) pc. paukuman (ing pamulangan lsp); di-[x]: diukum, dirès.
(sêtrèk): di-[x] êngg. kn. disèrèt saka ing alas nganggo sapi (kayu glondhongan).
sêtrèn: kn. sawah ing têpining kali.
sêtrèng: (W) kn. 1 talining kêndhali; 2 kêras bangêt.
sêtri: êngg. k. wadon; kc. sêtrèn.
sêtriya: pc. satriya.
sêtrik: pc. 1 dhasi kupon; 2 ([x] orkès) musikan.
sêtrika: kn. ar. piranti dianggo ngêlus klambi lsp; di-[x]: diêlus nganggo sêtrika tmr. klambi lsp.
sêtrikêl: êngg. pc. 1 kêjêngklok tmr. jaran; 2 kapitunan akèh tmr. dêdagangan.
sêtriko: kn. triko.
sêtrilam: êngg. kn. sêtrali.
sêtring: êngg. kn. talining kêndhali; kc. sêtrèng.
sêtrip: (W) kn. 1 galêran, gêrêtan ing tèrmometêr lsp; 2 pita lsp. têtêngêring pangkat kapasang ing gulon (lêngênan); 3 (sa-[x]) 1 mm.
sêtripu: êngg. kn. cripu.

sêtriwêl: kn. sêtiwêl.
sêtruksi: (W) kn. pêpacak.
sêtrup: (W) kn. jurjuran gula dicampuri banyuning wowohan.
sêtroli: êngg. kn: 1 lampu dhudhuk; 2 lênga patra.
sêtya: (-tuhu) kn. tansah mantêp ing pasuwitane, ora gêlêm nglungani bêndarane lsp. sênadyana wis ora ana pamrihe (ana bêbaya lsp); disêtyani: 1 dituhoni; 2 dijanjèni, disaguhi; sêtyan(-an) ak: sêmayan, kêncan.
sêca: pc. sêtya; sêcan pc: sêmayan, kêncan; kc. sêtya.
sêcang: kn. ar. wit (sok dianggo ngabang).
sêthapruk: pc. akèh bangêt.
sêthekrak, sêthekruk: pc. akèh bangêt.
sêthêmlik, sêthêmlok, sêthêmplik: pc. sêthithik.
sêthiya, sêthi wae: êngg. pc. mêsthi bae.
sêthithik: n. sêkêdhik k. ora akèh.
sêthuling, sêthumil, sêthumlik: êngg. pc. sêthithik.
sêwalang-walang: pc. rusak (ajur, rêmuk) babar pisan.
(sêwèk): di-[x] êngg. kn. disuwèk.
sêwêng: êngg. k. suwung.
sêwidak: pc. 60.
sêwiwi: pc. suwiwi.
si: I n. pun k. nyêbutake jênênging wong lsp. (ora ngajèni). II êngg. kn: 1 ta!; 2 jêr, jênèh.
sibar: kn. tamba sing usar-usarake[5] ing dhadha (gulu, tênggok); di-[x]-i: diusar-usari sibar.
sibat: wc. musibat; kêna ing [x] ks: têmbung pamisuh.
sibin, sibing: adus [x] kn. rêrêsik badan sarana dilap ing kacu lsp; di-[x]-i: dilapi.
siblon: êngg. kn. ciblon.
sibu: pc. êmbok, biyung.
(sibrat): di-[x]-ake kn. disebratake.
sida: n. siyos k. ak. (sa-)èstu k: kêlakon têmênan, ora diwurungake; disidakake: dilulusake, ora diwurungake.
sidadal: kn. sêdadal.
sidaguri: kn. ar. wit.
sidarsi: (S) kw. ak. pandhita putus, dewa.
sidawayah: kn. ar. wit.
sida wurung: êngg. têmahane ora sida (ora dadi).
sidêha: kw. siduwa.
sidêkah: kn. 1 (awèh) dana marang wong kang kêcingkrangan; 2 slamêtan; di-[x]-ake: didanakake marang wong kang kêcingkrangan.
(sidêp): di-[x] kn. dianggêp.
sidi: (S) kw. ak. sampurna, kêlakon ing sinêdya.
sidik: kn. 1 nyata, sanyata; 2 waskitha, wêruh ing sadurunge winarah; di-[x]-ake: dinyatakake, dipriksa.
(sidikara): di-[x] kw. dipuja, didongani, ditibani mantra.
siduwa: kn. linggih tangane nyêngkah lêmah (dhêngkul).

siji: n. satunggal k. 1; sijine: liyane; siji-sijine: sabên siji.
sijok: êngg. siji.
sidhakêp: kn. tangane kasèlèh mrapat dhadha ut. têmpuk tumpang tindhih; di-[x]-ake: ditata tangane sidhakêp.
(sidhang): di-[x] kn. diparo sarana diiris (ditêkuk, dilêmpit) nyerong (kaya ikêt); [x]-an: 1 serongan tmr. garis lsp; 2 ar. coraking bathikan.
sidhang-siring: kn. (nganggo [x]) nganggo dirêmbug bisane ora ana sing kapitunan.
sidhat: I kn. bngs. wêlut. II nyidhat êngg. kn: ngencos (nrabas) murih luwih cêdhak; [x]-an: sêmpalan (simpanganing) dalan ut. kalèn.
sidhêkah: kn. kc. sidêkah.
sidhêku, sidhêkul, sidhêkung: kn. linggih ngrungkuk tangane dipadalake ing pupu.
sidhêkus: kn. linggih sikile ditêkuk dhêngkule dumunung ingarêp dhadha.
sidhêm: kw. sirêp tanpa sabawa; di-[x] kn: digawe wadi, ora dikandhak-kandhakake tmr. prakara lsp; (sê-) [x]-an: mênêng-mênêngan tanpa pêpoyan, dhêdhêmitan.
sidhêm-prêmanêm: kw. sêpi (nyênyêt) bangêt.
sidhum: êngg. kn. eyub, edhum.
sigak: êngg. pc. têtêmbungan dianggo nggusah asu lsp.
sigan-sigun: kn. (ora [x]) ora nganggo rikuh.
sigar: kn. 1 pêcah paro byak; 2 ½ dhuwit; 3 êngg. ½ sèn; 4 êngg. têngah, up. karo [x] (1½), têlu [x] (2½), kapat [x] (3½); di-[x]: diparo byak; [x]-an: 1 paron, kang wis disigar; 2 êngg. diwilang nganggo dhuwit sigar (½ dhuwit).
sigar jambe: kn. wêwanguning lambe ingisor lan ing dhuwur padha kandêle sarta tumangkêb dhamis.
sigar jantung: kn. wanguning wilahan tumbak ut. dhapuring kêris.
sigar pênjalin: kn. ali-ali (gêlang) sing wangune kaya pênjalin disigar (ora gilig).
sigar sêmangka: kn. diparo bênêr.
--- 562 ---
sigawe ~ silar.
sigawe: kn. ar. wit.
sigêg: kn. 1 mandhêg, pantog tmr. dalan; 2 ora dibanjurake tmr. crita; 3 matèni tmr. wanda (ing paramasastra); 4 br. cugag, judhêg; di-[x]: 1 dicugag, diêndhêgake tmr. crita; 2 dipatèni (tmr. wanda); sigêgên gênti kocapa br: crita sing uwis disigêg, banjur gênti nyritakake liyane.
sigi: I kn. salêran-salêran lawe ing pungkasaning bakal tênunan (ora katut ditênun); pêra [x]-ne: isih anyar tmr. bakal tênunan. II disigèni kn: disujanani.
sigid: êngg. kn. mêsjid.
sigit: kw. bagus.
sigung: êngg. kn. 1 kidhung, kau; 2 nyampar sikile dipênthalitake (tmr. dolanan bengkat).

sigun: kn. (ora [x]) ora nganggo rikuh, ora wigih-wigih; kc. singgung, suminggun.
sigra: I ki. waing. II kw: 1 rikat, enggal; 2 banjur, nuli.
sigrak: êngg. kn. sarwa cukat (ora katon aras-arasên).
sigrêng: kw. katon mawa prabawa (gêdhe ut. wingit bangêt).
sigrong: kw. sigrêng.
sih: I kn. 1 trêsna, katrêsnan; 2 kawêlasan; 3 pawèwèh kang mêtu saka kawêlasan (katrêsnan); di-[x]-i: ditrêsnani, diwêlasi; sih-sinihan: trêsna-tinrêsnan; kc. asih. II pc: isih. III êngg. pc: sigak, sikak.
sihung: kw. siyung.
siya: I êngg. kn. bngs. kalam (piranti dianggo nulis). II (ut. ambêk [x], [x]-[x]) kn: sênêng nganiaya, tumindak sawênang-wênang (tanpa wêlas); di-[x]-[x]: disawiyah-wiyah, disingkang-singkang.
siyaga: kn. wis cêcawis.
siyal: kn. sêbêl, tansah ora sêmpulur (ora bêgja).
siyam: k. pasa.
siyang: k. 1 awan; 2 êngg. panas.
siyas: kn. bngs. dhokar.
siyasat: (A) kn. siksa, paukuman; di-[x]: dipilara, disiksa.
siyèn: êngg. k. biyèn.
siyub: pc. eyub.
siyung: kb. 1 untu lancip (antarane bam karo untu ngarêp); 2 irah-irahan (perangan) ing bawang ut. salak; ngudang [x]-e Bathara Kala br: nêdya wani nampani gêgaman (lêlandhêp).
siyut: kn. swara lumaraping angin; ora [x]: ora sudi.
siyos: 1 k. ak. sida; 2 êngg. k: siji.
sik, sikak: êngg. pc. sigak.
sika: (S) kw. ak. pucuk, kuncung.
sikantên: êngg. k. sikara.
(sikang): di-[x] êngg. kn. disingkang-singkang.
sikara: I kn. ngganggu-gawe, milara; di-[x]: diganggugawe, dipilara. II kw: tangan, bau; kc. kara. III (S) kw. ak: pucuk; kc. sika.
sikarini: (S) kw. ar. têmbang gêdhe.
sikat: I êngg. kn. cukat, trêngginas. II kn: 1 piranti dianggo ngrêsiki sing digawe rambut, kawat lsp. ditata rantap digarani; 2 êngg. lothèking cèt, labur lsp; 3 êngg. lirangan (gêdhang); di-[x]: 1 dirêsiki (digosok) nganggo sikat; 2 êngg. dilabur.
sikatan: kn. ar. manuk (cingcinggoling).
sikêp: kn. 1 ([x] gêgaman) nggawa (sadhiya) gêgaman; 2 êngg. wong padesan sing wajib gugur-gunung lsp; 3 (saka ing padesan) mênyang ing nêgara (panggonane lurah patuh lsp) sumêdya nglakoni ayahan (kawajiban); manikêp kw. nyêkêl, nyandhak; di-[x]: dirukêt (tangane dirangkulake ing awak); [x]-an: klambi lakên irêng dianggo pasowanan grêbêgan lsp.
siki: I kw. siji. II êngg. pc: saiki. III (S) kw. ak: mêrak, gêni.
sikiah, sikyah: (C) kn. ar. mainan.
sikik: êngg. pc. dhisik.

sikil: n. suku, sampeyan ki. 1 peranganing anggane badan sing nyangga awak; 2 cagaking kursi meja lsp; 3 peranganing gunung sing ngisor; pidak [x] jawil mungkur pr: wêwangsitan, sêkaitan; kc. suku.
sikir: (A) kn. ngèlmu tênung (panggêndaman).
siku: I kn. 1 êngg. pojok jêjêg, mangun pojok jêjêg; 2 êngg. blabag lsp. diwangun maju-têlu jêjêg (ut. apojok jêjêg) piranti dianggo nggambar lsp; 3 kw. sikut; sêsikuning gunung br: lêlêngkèhing gunung; di-[x]: disipat (diukur) nganggo siku. II (ut. sêsiku) kw: dêduka, bêbêndu; di-[x], disikokake ak: diwaoni, dicacad; ke-[x]: kêna bêbêndu (kêluputan).
sikut: kn. blabak lsp. maju-têlu jêjêg (mangun pojok jêjêg) piranti nggambar lsp; kc. siku.
siksa: (S) kn. pidana, paukuman; di-[x]: dipilara, diukum.
sila: I kn. linggih kanthi tata; [x] panggung: sila dhêngkule diunggahake (kaya silane para-nyai); [x] tumpang: sila sikile sing siji ditumpangake ing pupu liyane (kaya dhalang); pasilan br: pajagongan; madal pasilan br: lunga saka ing pajagongan. II (S) kw: watu. III (S) kw. ak: watak, patrap, kalakuan.
(silad): di-[x]-i kn. diirati (pring, pênjalin); [x]-an: irat-iratan (sesetan) pring ut. pênjalin.
siladri: (S) kw. gunung (watu).
silah: (ut. [x]-[x]) êngg. kn. pilah-pilah, dhewe-dhewe; di-[x]-([x]): dipilah-pilah, didhèwèk-dhèwèkake.
(silak): di-[x]-ake kn. 1 diunggahake supaya ora pating krêmbyah tmr. rambut; 2 dibiyak (dicalikake); kc. sumilak.
silakrama: kw. tata-krama; di-[x]: diaruh-aruhi (dibagèkake) kalawan alus (urmat).
silaning akrama: kw: (nambut-) rabi (laki).
(silang): di-[x] êngg. kn. disilih.
silar: kw. kc. singlar.
--- 563 ---
silat ~ sindhu.
silat: kn. selat, bêselat.
silaturahmi: kn. mahyakake kurmat sarta njaluk pangapura ing mangsa lêbaran (bakda pasa).
silèh: I êngg. pc. jênèh. II pc: silih.
silêm: kn. 1 amblês ing banyu; 2 ngilang, ora katon; nyilêm: amblês (mblêdhês) ing banyu; di-[x]-i: digolèki (dijupuk) sarana nyilêm; di-[x]-ake: diblêdhêsake ing banyu lsp.
silêp: I kn. klêlêp ing banyu; di-[x]-ake: 1 disilêmake ing banyu; 2 ora dikatonake, didhêlikake; ke-[x]: klêlêp, kêtutupan banyu, ora katon. II kn: godhong gêdhang sing dianggo tutup liwêt sawise ditajini; di-[x]-i: ditrapi silêp.
sili: kn. ar. iwak loh.
silib: (ut. sêsiliban) kn. slingkuh, kanthi dhêdhêmitan (ora ngêdhèng); di-[x]-ake: 1 dilimpèkake; 2 dislingkuhake; 3 didhêlikake, diumpêtake.
silih: I kw. gênti, gênti-gêntèn, up. [x] ungkih (gênti-gêntèn ngalahake); kc. sumilih. II di-[x] n. dipunsambut k. diampil ki: dianggo

ing sawatara mangsa banjur dibalèkake; di-[x]-i: dililani nganggo yèn wis banjur dibalèkake; [x]-an: 1 barang kang disilih; 2 têmbung entar. III (sêsilih) kw: 1 jênêng; 2 pêparab, ajênêng. IV kn: rak, ta, jênèh.
silih-asih: kn. warna loro ditunggalake (disêlang-sêling) tmr. pêndhok, bênik lsp.
(siling): di-[x] êngg. pc. diiling.
silir: I êngg. kn. rada njomplang nisih tmr. traju lsp. II kn: abdi-dalêm sing rumêksa diyan ing kraton; di-[x](i) êngg. kn: diiling(i). III kn: 1 isis marga kanginan midid; 2 rada adhêm; 3 (ut. [x]-an) êngg. k. angin; di-[x]-i: dikêbuti amrih isis; ke-[x], ke-[x]-an: kanginan; kc. sumilir. IV êngg. kn: glabat, kulit tipis.
silit: kn. 1 dalaning sêsukêr; 2 dhasaring cèrèt, kwali lsp.
silit-kodhok: kn. balung pungkasaning ula-ula.
siluk: êngg. kn. 1 growongan; 2 pêtêng marga rungkud.
siluman: kn. bngs. dhêmit (lêlêmbut) kêdadean saka manungsa.
silo: I êngg. pc. blêrêng, kêblêrêngên. II êngg. kn: siluk.
silsilah: kn. ak. salasilah.
silsilan: kn. rongèh, tansah obah tmr. pratingkah.
silwak: kn. sêkilwak.
sima: k. macan.
simah: êngg. semah.
simak: I êngg. êmbok, biyung. II pc: babag, lamak. III di-[x] kn: disêmak.
simbah: pc. êmbah.
simbar: kn. 1 bngs. anggrèk; 2 ([x] dhadha) rambut sing thukul ing dhadha.
(simbat): di-[x] êngg. kn. 1 dijaluk (disilih) sathithik; 2 disambat.
(simbing): di-[x]([x]) êngg. kn. diiling-ilingi, disawang-sawang.
simbun: êngg. kn. ar. bakal.
simbung: êngg. kn. sembong.
simbok: pc. êmbok.
simêt: pc. sathithik bangêt.
simik, simin: êngg. pc. dhisik.
simit: pc. sathithik bangêt.
(simpang): nyimpang kn. 1 nisih, sumingkir; 2 nlisir, nlisib saka paugêran; di-[x]-i: disisihi, disingkiri; [x]-an: 1 pêthukan padha dene nisih; 2 sêmpalaning dalan lsp.
simpar: I êngg. kn. mênjila, sêpi. II di-[x] pc:1 disampar; 2 (di-[x]-[x]) dibuwang-buwang (ora diopèni); kc. kêsimpar.
simpe: I di-[x] êngg. kn. dilimpe. II êngg. kn: blêngkêring rodha.
simpên: kn. rawat, nyinggahake, nyingidake; di-[x]: 1 dirawati, disinggahake; 2 dikêkêr tmr. wadi.
simping: I kn. bngs. kima. II kn: sumping. III di-[x] kn: ditata jèjèr-jèjèr tmr. wayang.
simpir: I kn. ak. sèmpèr, sèngklèh; kc. kêsimpir. II di-[x] kn: diwilang nganggo kêthekan (cipoa).
simsin: kn. ak. ali-ali.

sinamar: br. digawe wadi, dikêkêr; kc. samar.
sinambat: [x] ing wêwangi br: ajênêng.
sinandi: br. digawe sandi (wadi); kc. sandi.
sinang: kw. abang sumunar (sumorot).
sinangjana: kw. waskitha, sidik.
sinangkalan: br. ditêngêri angkaning taun; kc. sangkala, sêngkala.
sinangling: br. disangling.
sinangsaya: br. nêmahi sangsara; kc. sangsaya.
sinau: kn. ajar, nggêgulang kawruh lsp; di-[x]: 1 diwulang, diajar; 2 digêgulang, dilêlantih.
sinaos: êngg. k. sênadyan.
sinapan: kn. ak. bêdhil.
sinar: kw. sorot, cahya.
sinarawèdi: sêdulur [x] kn. mitra sing wis kaya sêdulur.
sinaroja: kw. 1 sarwa turah-turah; 2 dirangkêp; kc. saroja.
sinartan: kw. dibarêngi, didhèdhèki; kc. sarta.
sinatmata: kw. ditamatake; kc. satmata.
sinatriya: br. satriya.
sinawung: br. 1 disawung; 2 ([x] ing kidung) dikarang sarana kidung (têmbang); kc. sawung.
sinawur: br. disawur-sawurake; kc. sawur.
sindap: kn. rêrêgêd ing êndhas awujud putih nggatêli.
sindêr: kn. 1 tukang mriksa (punggawa pabrik); 2 juru mriksa pamulangan.
sindik: 1 kn. pantèk cilik; di-[x]: disêsêli ing sindik. II di-[x]-ake pc: dinyatakake, dipriksa; kc. sidik.
(sindikara): kw. kc. sidikara.
sindir: êngg. kn. tlèdhèk sarta pasindhèn; sêsindhiran êngg: sindhenan wêwangsalan lsp.
sindu: (-upaka) kw. banyu, kali.
--- 564 ---
sindur ~ (singi).
sindur: I 1 kw. abang ênom; 2 kn. lawon diabang ênom pinggirane putih (dianggo sabuk lsp). II êngg. kn: tlèdhèk; di-[x] êngg: diibing; kc. sindhir.
sindura: (S) kw. abang ênom.
sinjang: I k. jarit. II di-[x] êngg. kn: dipilah, didhèwèkake.
sindhat: êngg. kn. singgat, sèt.
sindhèn: kn. nêmbang mbarêngi gamêlan tmr. tlèdhèk; di-[x]-i: dibarêngi ing têmbang tmr. gamêlan; pa-[x]: tukang nyindhèni (tlèdhèk).
sindhèt: (-an) kn. bundhêlaning tali (tampar lsp); di-[x]: dibundhêli tmr. tali lsp.
sindhi, sindhyan: kw. ak. sindhèn.
sindhung: (-riwut) kw. angin gêdhe, prahara.
sindhutan: êngg. k. pête.
sineba: br. diseba, diadhêp.

sinèh: pc. jênèh.
sinewaka: kn. lênggah diadhêp.
sinêbaran: br. disêbari (ing kêmbang lsp); kc. sêbar.
sinêbit: br. disuwèk; kc. sêbit; kupinge lir [x] br: nêpsu bangêt (nganti kupinge kaya disuwèk).
sinêbut: br. disêbut, disêbutake.
sinêdya: br. disêdya, dijarag; kc. sêdya.
sinêkti: br. sêkti.
sinêlir: br. dipilih, disihi.
sinêmèni: udan [x] kw. adon[6] awor angin gêdhe.
sinêngkalan: br. ditêngêri ing angkaning taun; kc. sêngkala.
(sinêp): di-[x] êngg. kn. disidhêm (tmr. prakara lsp).
sinêrtan: br. kc. sinartan.
sinidikara: kw. dipuja, didongani; kc. sidikara.
sinipi: duka yayah [x] kw. nêpsu bangêt.
siniwi: kw. diurmati, diseba (diadhêp); kc. siwi.
sinuba-suba: br. diurmati bangêt kanthi pisuguh lsp; kc. suba.
sinudarsana: kw. ditulad, ditiru; kc. sudarsana.
sinukarta: kw. diaji-aji, dipêpêtri; kc. sukêrta.
sinuhun: kw. disungga-sungga; Ingkang [x]: panjênênganing ratu.
sinung: (-an) kw. diwènèhi; kc. sung.
sinungga-sungga: kw. diurmati bangêt; kc. sungga.
sinuwun: kn. kc. sinuhun.
sinom: kn. 1 kw. pradapa; 2 godhong asêm ênom; 3 rambut sing pating clêkênthung ing pilingan; 4 ar. wanguning omah limasan nganggo èmpèr mubêng; 5 ar. têmbang maca-pat; 6 ar. dhapuring kêris; 7 (sang [x], sang lir [x]) kw. sang putri.
sinoman: kn. 1 êngg. wong nonoman sing dadi paladèn ing padesan (yèn ana wong duwe gawe lsp); 2 êngg. paladèn ing pista (mantu lsp); 3 êngg. sambatan, tulung-tinulung ngêdêgake omah lsp; 4 êngg. rêroyoman, rêrukunan.
sinrah: kw. dipasrahake; kc. srah.
singrang: kw. ditrajang, ditêmpuh; kc. sêrang.
sinrasah: br. disrasah.
sinta: kn. ar. wuku kang kapisan.
sintên: k. sapa.
sintrèn: êngg. kn. bngs. sulapan, janturan.
sintru: kn. 1 êngg. sapi; 2 katon wingit, (sêmu pêtêng); 3 êngg. wrana.
sinthing: (-an) kn. 1 gombyoking layangan ing kiwa têngên; 2 jêntharing ikêt ing sakiwa têngêning mondholan.
sinthir: I kn. bngs. dhadhu (lumahe ênêm). II êngg. kn: diyan cilik. III pc: rada kera (amba ciyut matane).
sinwam: kw. sinom.
sing: I êngg. pc. kang. II êngg: sangka. III êngg: ora. IV pc: sèng.
singa: I [x] wong (wonge): sadhengah wong, sapa bae. II kn: bngs. macan (ulêse kuning sing lanang nganggo suri).
singabarong: kn. 1 singa; 2 barongan.

singanada, singanabda: kw. panggêroning singa.
singanêgara: kn. ak. lêgojo (tukang ngukum kisas).
singangsana: kw. dhampar.
singasana: kw. dhampar.
singat: k. sungu.
(singèk): di-[x] êngg. kn. 1 disok; 2 ks. disanggama.
singèn: I êngg. k. biyèn. II kn: cithakan (tmr. logam); kc. singi. III di-[x]-i êngg: 1 diajak; 2 diajak gunêman tmr. kewan; kc. sèng.
singêb: ki. kêmul.
(singêd): di-[x]-ake êngg. kn. disingidake.
singêl: êngg. ikêt; [x]-an: ikêt-ikêtan.
singêr: kn. 1 katon mawa prabawa; 2 êngg. wingit, angkêr.
singgah: I (ut. [x]-an) kn. canthas sarta bingar, sigrak. II [x]-[x] kn: donga nyingkirake lêlêmbut ut. nyajèkake marang lêlêmbut; di-[x]-i ak: disingkiri; di-[x]-ake: 1 disingkirake; 2 disimpên, dirumati; kc. suminggah.
singgang: kn. sêmèn (thukulan) pari sabakdane diênèni.
singgat: kn. bngs. sèt; di-[x]-(i): diparud nurut sêrate tmr. krambil.
singgêl: êngg. ikêt.
singgêt I êngg. kn. 1 cumpèn; 2 gêmi; di-[x]: 1 dicumpi; 2 diguthêk, diêlêt-êlêti; 3 êngg. digêmèni, diirit; [x]-an: êlêt-êlêt, guthêkan. II (ut. [x]-an) kn: 1 sênêng mogok tmr. jaran; 2 cugêtan atèn, sêdhihan.
singgih: I kw. iya, mula nyata; ma-[x]: ngandêl, manut; ka-[x]-an kn: mula bênêr mêngkono. II kn: ngrênggêp pangkat; sugih [x]: sugih tur ngrênggêp pangkat luhur.
singgul: kn. dhêplokan dringo bêngle diusarake ing pok kuping ut. dianggo pupuk (digawe srana nulak sawan lsp); di-[x]-i: dipupuki (diusari) singgul.
singgun: kn. kc. sigun, suminggun.
singha: (S) kw. ak. singa.
singhasana: (S) kw. ak. dhampar.
(singi): di-[x] kn. dicithak tmr. logam (kuningan lsp).
--- 565 ---
(singid) ~ sirik.
(singid): di-[x](ake) êngg. kn. didhêlikake, diumpêtake; (sê)[x]-an: 1 êngg. umpêtan, ndhêlik; 2 dhêdhêmitan, sêsidhêman.
singir: (A) kn. kidung pujian (saèm. dhikir); (sê)[x]-an: pêpujian.
singit: êngg. kn. wingit.
singkab: I kn. iringaning dhadha (sacêdhake kèlèk). II di-[x] kn: diungkabi, dibiyak.
singkal: kn. 1 kayu ancêbing kêjèn (dianggo ngglebagake lêmah); 2 êngg. wluku gêdhe; 3 gêdhang ing lirangan sing pinggir dhewe; di-[x]: 1 êngg. diwluku; 2 diglebagake, disisihake.
(singkang): di-[x]-([x]) kn. disiya-siya, ditundhung-tundhung; di-[x]-ake êngg: disingkirake, ditundhung.
(singkar): di-[x]-ake êngg. disingkirake, ditundhung.
singkèk: kn. 1 Cina sing isih totok; 2 êngg. anthèking juragan.

singkêl: kw. susah, sêdhih; kc. sêkêl.
singkik: kn. 1 sumingkir; 2 mbêbayani (angèl ambah-ambahane lsp); kc. sèngkèk.
singkin: êngg. kn. saya.
singkir: I kn. sikir. II di-[x]-i kn: disimpangi, dilungani; di-[x]-ake: digawa lunga, didohake.
singkur: êngg. kn. pungkur, buri; di-[x]: 1 diungkurake; 2 ora digape, wis ditampik (diêmohi).
singkong: êngg. kn. tela kaspa.
(singkrèh, singkrih): di-[x]-ake êngg. disingkirake.
singlar: kn. 1 nyimpang, sumingkir; 2 mangsuli selak; di-[x]-i: disingkiri, disimpangi.
singlu, singlo: kn. singup, wingit.
singluk: kn. singlu.
singlur: êngg. kn. liru, ijol; di-[x]-i êngg: diijoli, dilironi.
singlon: (ut. sêsinglon) kn. 1 dhedhêmitan, winadi; 2 jênêng sing sinandi (samaran).
singub: kn. 1 pêtêng sarta mêdèni (wingit); 2 pyan ing antarane saka guru.
singunên: kn. krasa uwas (wêdi) marga ndêlêng jurang jêro bangêt lsp.
singsal: (ut. ke-[x]) kn. 1 uwal kontal adoh; 2 kêtriwal, kêtlingsut.
singsèh, singsèk: (C) kn. dhukun (tukang adol jamu) bangsa Cina.
singsêt: kn. 1 kêncêng (ênggone nalèni); 2 ora kêndho tmr. pawakan; di-[x]-i: 1 (ut. di-[x]-ake) ditalèni singsêt; 2 diwènèhi pikukuh (calon pangantèn wadon); kc. paningsêt.
sing-sing: pc. neka-neka, warna-warna.
singsot: kn. gawe swara sarana lambe katangkêbake banjur disêbul; di-[x]-i: disasmitani sarana singsot.
sinyo: kn. 1bocah lanang (bangsa Eropah); 2 pc. Walanda pranakan.
sipat: I kn. 1 garis kêncêng; 2 tali (diangus) dianggo nglêncêng (murih ora mencang-mèncèng); 3 pênêr, lêncêng karo; di-[x]: 1 dipênêr, dilêncêng; 2 ditrapi sipat murih lêncêng; di-[x]-ake: dipênêrake, diênêrake; [x]-an: kang disipat. II di-[x]-i kn: disumurupi dhewe. III kn: tamba mata sarana diusarake ing mata; di-[x]-i: diusari tamba (tmr. mata). IV (A) kn: 1 kaanan; ut. wataking Allah; 2 kang kaanane kaya (awujud, arupa kaya); 3 êngg. sabên, anggêr; 3 êngg. barêng, samangsa; sêsipatan: rupa, wujud.
sipat banyu: (-toya k); wrata kaya lumahing banyu.
sipat-gantung: kn. 1 timbêl (kuningan) digantung dianggo nyumurupi jêjêg lan orane; 2 (garis [x]) garis jêjêg mangun pojok 900; 3 wis jêjêg (mangun pojok 900).
sipat kuping: kn. mlayu bantêr bangêt.
sipat wong: êngg. sabên (anggêr) wong.
sipêng: 1 êngg. k. bêngi; 2 k. nginêp.
sipêt, siprêt: êngg. pc. sathithik bangêt.
sipi: tan [x] kw: bangêt, kêluwih-luwih.

sipik, sipin: êngg. pc. dhisik.
sipil: kn. 1 ora ginantungan ing paukuman (tmr. prakara); 2 êngg. pc. rèmèh, sêpele.
sipir, sipwa: kn. kêthekan Cina; kc. sêpir.
sir: I pc. karêp, niyat, pangarah, melik; duwe [x] pc: duwe niyat arêp, duwe melik; di-[x]-i pc: dimelik, dipangarah; sasire pc. sasênênge, sakarêpe. II mak [x] pc: katêranganing ngisis lsp. III pc. wc: kusir.
sira: 1 kw. dhèwèke; 2 êngg. kowe (kb. ingsun).
sirah: 1 k. êndhas; 2 kn. (cacah [x]) dianggo petungan kèhing wong; 3 kn. tuking kali (sing gêdhe); sêsirah: saperanganing pasokan sing dhisik dhewe.
siram: ki. adus; di-[x] kn: 1 (ut. di-[x]-i) disoki banyu (wrata); 2 ditutup ing bêbathèn liyane (tmr. kapitunan lsp); di-[x]-i: 1 ki. didusi; 2 kn. disoki (dicuri) banyu; [x]-an: 1 (ut. pa-[x]-an) ki. padusan; 2 kn. upacara ngêdusi pangantèn lsp; 3 êngg. imbuh; 4 pituwas.
sirap: kn. gêndhèng kayu; di-[x]: ditrapi sirap.
sirara: êngg. kn. godhong aking (alum).
sirat: kw. pancuring sorot; di-[x]-i kn: 1 êngg. disirami; 2 diciprati banyu lsp; kc. sumirat.
sirèki, sirèku: kw. 1 dhèwèke; 2 kowe; kc. sira.
sirêm: kw. surêm.
sirêp: kn. sarèh, sidhêm. mari panas (murub, rame, gègèr lap); di-[x]: dilêrêmake, disarèhake, diilangake panase (urube lsp); di-[x]-i: ditibani aji (donga) supaya padha turu.
sirêp bocah: n. (-lare k): wayah sore kira-kira jam 8.
sirêp jalma: (wong) kn. wayah bêngi ± jam 10.30.
sirig: (ut. sêsirig) kn. mlaku sêmu mumbul-mumbul tmr. jaran; nyirig: mlaku sirig (tmr. jaran); di-[x]-ake: nunggang jaran digawe sêsirig.
sirih: kn. 1 êngg. sarèh, lêrêm; 2 (sêsirih) ngêngurangi mangan ngombe ing sawatara.
sirik: I kn. 1 êngg. êmoh, suthik, ora gêlêm; 2 ak. ora patut; di-[x]: 1 êngg. disingkiri, ditampik; 2 dicêgah, ditampik (tmr. panganan lsp) marga lagi nglakoni ut. dadi larangan; [x]-an: 1 pangan lsp. sing
--- 566 ---
kudu disingkiri; 2 prakara sing kudu ditampik (didohi). II di-[x] êngg: ditarik tmr. toh lsp; [x]-an êngg: gantangan manuk.
sirikan ~ slabruk.
sirikan: kn. ar. pangkat.
siring: I kn. mayat, miring sisih. II kn: ar. dolanan. III êngg. kn: 1 watês, têpi, pinggir; 2 (wong) jaban nêgara (desa lsp); 3 br. mungsuh. IV sêsiring kw: saka ingiringan. V di-[x] êngg: digiring.
sirkaya: kw. ar. wit sarta woh.
sirkawin: êngg. kn. srikawin.
sirna: (S) kw. 1 rusak, lêbur; 2 ilang babar pisan; [x] marga layu: mati; ala [x]-ne: ora prayoga yèn ... (luwih bêcik ...); disirnakake: 1 dilêbur, dirusak; 2 diilangake babar pisan.
siru: êngg. kn. suru.

siruk: êngg. pc. cidhuk.
sirung: kn. pêtêng asingup.
sirsa: (S) kw. ak. êndhas, pucuk.
sirsak, sirsat: kn. nangka sabrang.
sisa: kn. turahan (pangan lsp); disisani: diturahi, diwènèhi sisa.
sisah: êngg. k. susah.
sisan: êngg. pc. pisan, babar-pisan; disisakake: dibabar-pisanake.
sisan gawe: êngg. pc. dibarêngake ênggone nandangi.
(sisèt): di-[x]-i êngg. pc. disèsèti.
sisi: kn. sêmprit ki. ngrêsiki (ngêtokake) umbêl ing irung; disisèni: dirêsike[7] umbêle.
sisig: kn. 1 êngg. susur; 2 (lathi[8] ki) untune diirêng; di-[x]-i: diirêng untune.
sisih: kn. (ênêr, lumah, ênggon) kang dumunung ing iringan (têpi), up. [x] kiwa, [x] kidul; nisih: mênyang ing sisih, sumingkir; di-[x]-i: didokoki têtimbangan; 2 êngg. disingkiri; di-[x]-ake: disèlèhake ing sisih, disingkirake; [x]-an: 1 kang dadi têtimbangan; 2 pc. bojo; 3 padha dene ana ing sisih.
sisik: I kn. kuliting iwak loh, ula lsp. sing lêlingkapan. II [x]-[x] kn: ngêlus (ngongoti) pring lsp.
sisik-mêlik: kn. kc. titik mêlik.
(sisil): di-[x](-i) kn. dicucuk (dipangan) karo dioncèki kulite.
sisilan: êngg. kn. singsot.
sisip: kn. luput, salah; nisip: mèncèng, ora pênêr.
sisip-sêmbir: (-e) kn. luput-luput, kurang-kurang bêgjane.
sisir: I êngg. kn. 1 jungkat; 2 lirangan gêdhang; 3 èmpèr, ampok. II di-[x] kn: 1 diirisi mayat kaya dikêrik (gula Jawa lsp); 2 êngg. diwluku sing kapindhone; kc. sèsèr.
sisya: (S) kw. murid.
(sisrik): di-[x] êngg. pc. dikêsrik, dikêrik.
sistha: (S) kw. ak. pinunjul, linuwih.
siswa: kw. murid.
sita: I ora [x]-[x] kw. ora taha-taha, grusa-grusu. II di-[x] kn: 1 digugat; 2 dibêskup (dirajadarbe) banjur dilelangake. III (S) kw: 1 adhêm, anyêp; 2 putih.
(sitah): di-[x] êngg. disita.
sitakara: (S) kw. rêmbulan.
sitala: (S) kw. ak. adhêm, anyêp.
sitangsu: (S) kw. rêmbulan.
sitarêsmi: (S) kw. rêmbulan.
sitèn: I k. lêmahan; [x]-ên k: lêmahên. II pc: asistèn-wadana.
siti: I k. 1 lêmah; 2 bumi. II kn: sêsêbutane bocah wadon (Arab).
sitingarah: êngg. kn. istingarah.
sitinggil: kn. papan sing dhuwur saburining alun-alun (pasowanan).
siti-payah: kn. panguripan, pangan.
situ: I êngg. kn. tlagan, blumbang; kc. sètu. II [x]-[x] êngg. kn: kêsusu, rêrikatan.

situn: kn. jaetun.
sitok: êngg. pc. siji.
sicok: êngg. pc. siji.
sithèng: êngg. kn. sabribil (½ sèn).
sithik, sithil: êngg. pc. sathithik.
sithip: êngg. kn. blobok garing.
sithok: êngg. pc. siji.
siwa: pc. sêdulure bapa-biyung sing tuwa; kc. uwa.
siwah: kw. gèsèh, beda; di-[x]-i êngg: diblenjani, ora ditêtêpi.
siwak: êngg. pc. siwa.
siwakan: kn. blumbangan pinggir kali dianggo ngingu iwak.
siwal: kw. sêmpal, cowèl.
siwalan: kn. wit sarta woh tal (lontar).
siwamba: kw. ak. banyu panguripan.
siwar: kn. 1 êngg. kèpèt iwak sacêdhaking angsang (gigir); 2 brêngos kucing, cèlèng lsp.
siwat-siwut: kn. sarwa kasar (grusa-grusu).
siwêg: êngg. k. lagi; kc. sawêg.
siwêr: I kn. irêng sêmu biru (tmr. warnane têlênging mata). II di-[x] kn: 1 êngg. disêngkêr, dipilah saka panunggalane; 2 disita (dibêskup).
siwi: I kw. anak, bocah; sêsiwi: anak-anak. II di-[x] kw: diurmati, diadhêp (diseba).
siwil: kn. drijine 6; [x]-an: pang trubusan (têlu lsp).
(siwir): di-[x] êngg. pc. disuwir.
siwul: kn. pucuking wadung sing diancêpi pêsi.
siwur: kn. cidhuk sing digawe bathok lsp. digarani.
(siwut): kn. kc. siwat-siwut.
(siwo): ma-[x] kw. gudêran, gojèg; disêsiwo, disiwoni: 1 diaru-biru, diganggu-gawe; 2 digidhuhi.
syadana: (S) kw. ak. kreta.
(syang): ma-[x] kw. mbêngok, ngundang, nantang, ngajak.
syapa: kw. ak. sapa.
syara: kw. ak. swara.
syuh: kw. lêbur, rusak, rêmuk.
slabar: êngg. kn. kandha, kabar; di-[x]-i êngg: dikandhani, diwèhi wêruh.
(slabêr): di-[x] kn. dipèl (tmr. jrambah lsp.).
slabruk: kn. kathok dianggo nalikane turu.
--- 567 ---
sladri ~ slêlêp.
sladri: pc. slèdri.
sladhah: kn. ar. sayuran.
sladhang: pating [x] kn. padha sumèlèh malang; di-[x]-ake: disèlèhake malang (tmr. barang sing dawa).
slaga: kn. têtapihing kêmbang.
slagang: pating [x] kn. pating sladhang; di-[x]-ake: disèlèhake malang (ing papan sing dhuwur).

slagrang: êngg. kn. kc. slagang.
slaka: kn. kc. salaka.
slakang: êngg. kn. wlakang.
slaka wêdhar: kn. ak. undhi, diundhi.
(slakup): di-[x]-ake êngg. kn. ditlakupake.
slaman-slumun: kn. sluman-slumun.
slambêr: pating [x] pc. padha sêsambêran.
slambu: êngg. kn. klambu.
(slambur): di-[x]-i êngg. kn. dicampur (tmr. wiji sing disêbar); [x]-an êngg: campuran warna-warna.
slambrang: pating [x] êngg. kn. klambrangan.
slambruh: êngg. kn. jumbuh (mèh padha rupane).
slamêt: n. wilujêng k. sugêng ki: 1 ora ana sakara-kara; 2 luput ing bêbaya (kacilakan lsp); 3 waras, kawarasan; di-[x]-i: dianakake sidhêkah (kêndhuri) supaya slamêt; [x]-an: sidhêkah, kêndhurèn.
(slamur): di-[x] kn. dilêlali (kasusahane lsp) sarana nindakake pagawean, dolan-dolan lsp; kc. slimur.
slampar, slampêr: êngg. kn. tampar dikolongi dianggo pancadan mêmènèk.
slandhok: êngg. kn. slondhok.
slan-kas: (W) kn. kantor pambayaran (kagungane nêgara).
slang: (W) pc. pipa (usus-usus) karèt.
slangan: êngg. kn. ora usah.
(slanggap): di-[x]-i kn. ak. diomongi., diajak gunêman; [x]-an ujar: gunêman, omong.
(slanggrang): di-[x]-ake pc. dislagangake.
slangking: kn. ar. wit kayune digawe gambang.
slangkrah: pc. sangkrah.
slangsang: I kn. wadhah kêmbang (suruh lsp); kc. langsang. II pating [x] kn: padha pating crongat; kc. tlangsang.
slarak: kn. 1 kayu (blabag) lèrègan dianggo palang êlêt-êlêt gêdhogan, kancing lsp; 2 êngg. palang antarane cagak loro; di-[x] êngg. pc: dilèrègake (disodhokake); kc. slorok.
Slasa: kn. dina kang kapindho.
(slasab): di-[x]-ake kn. ditlêsêpake (trape mayat).
slasah: kn. lari; di-[x]: dilari; kc. tlasah.
(slasak): di-[x] kn. disasak.
slasar: kn. tlasar.
slasih: I kn. ar. têtuwuhan sarta kêmbang. II pating [x] êngg. kn: bosah-basih, pating blengkrah.
slaton: êngg. kn. galak, brangasan.
slawat: kn. 1 sêmbahyangan; 2 dhuwit opahing ndonga (ndhikirake).
slawatan: kn. têtêmbungan lagu Arab binarêngan ing têrbang.
slebok: kn. gêdhe cêndhèk, gêndhêg.
slebor: êngg. kn. tèdhèng rodha (supaya aja nyiprat-nyiprat).
slebrak: kn. lèmèk lapak.

slèdèr: (-an) kn. 1 nglirwakake wajib; 2 êngg. sênêng ngumukake sandhang panganggone.
slèdri: kn. ar. sayuran.
slègrèng: I kn. palang kayu ut. pring; kc. slagrang. II mak [x] (mak slègrêng) pc: (nyênyilih, mlêbu ing omah lsp) tanpa nêmbung.
sleyar-sleyor: kn. mleyot ora kukuh.
sleyat-sleyot: kn. sleyar-sleyor.
sleyoran: kn. sleyar-sleyor.
sleyotan: kn. sleyar-sleyor.
slekam-slekom: pc. sluman-slumun.
sleko: kori [x] êngg. kn. gapura (lawang) kang anjog ing desa (nêgara lsp).
slemar: êngg. kn. lèmèk linggih sing digawe pring.
(slembat): di-[x]-ake êngg. kn. dilembatake.
slempang: I kn. wlulang (samir, cita lsp) sing disampirake ing pundhak têrus ing dhadha; di-[x]-ake: disampirake ing pundhak kaya slempang. II êngg. kn: sumêlang, sangga-runggi.
slempatan: kn. nglarapake watu ing lumahing banyu (supaya bisa mêncungul tundha-tundha).
slèndêr: (W) kn. 1 bumbungan wêsi gêdhe; 2 bumbungan wêsi ing mêsin; 3 bumbungan; 4 giligan wêsi gêdhe dianggo nggilês dalan (dilakokake sarana mêsin ut. disurung); di-[x]: digilês tmr. dalan.
slendro: kn. ar. larasing gamêlan.
slendhang: kn. jarit sing dianggo ngêngêmban (ut. kasampirake ing pundhak).
(slènthak): di-[x] êngg. kn. dipengkal (ing jaran).
slènggrang-slènggrêng: pc. nyênyilih tanpa têmbung; kc. slènggrèng.
slengkrah: pating [x] pc. pating blengkrah.
slèngkrang: mak [x], [x]-an pc. linggih sikile diunggahake (murang tata).
slèngkrèng: mak [x] pc. mak slengkrang; sa-[x]-an pc: mung dianggo sadhela (tmr. sandhangan lsp).
slèngso: êngg. kn. ora tata, pating jlêmpah.
slepe: kn. cathok êmas (slaka).
slètêl: (W) pc. kunci (ing mêsin lsp).
slewah: kn. 1 warna paron (up. saparo abang, saparo irêng); 2 êngg. gèsèh, beda.
slewak: kn. sêkilwak.
slewang-slèwèng: kn. mencang-mèncèng saka ing dalane sing bênêr; kc. slèwèng.
slewar: mak [x] pc. sanalika pêthal (pisah).
slewar-slèwèr: kn. tansah pêthal (pisah).
slèwèhan: êngg. pc. kalenan.
(slèwèng: nylèwèng) kn. menggok (nyimpang) saka dalan sing bênêr; [x]-an: tansah nylèwèng.
(slèwèr): [x]-an kn. 1 tansah pêthal (pisah); 2 êngg. dalan (kalèn) simpangan.

slêbar: pating [x] kn. mawut (sumêbar) mrana-mrana.
slêbrèh: pating [x] kn. padha klèmbrèhan.
slêkak, slêkêk: kn. cêkak bangêt, ciyut bangêt tmr. gulon lsp.
slêlêp: êngg. pc. silêp ing banyu; di-[x]-ake: disilêpake ing banyu.
--- 568 ---
slêmbur ~ slumbat.
slêmbur: pating [x] pc. padha nyêmbur.
slêmbrah: pating [x] êngg. padha klèmbrèhan; kc. slebrah.
slêmbrèh: pating [x] êngg. padha klèmbrèhan.
slêmêt: I pating [x], [x]-[x] kn. krasa lara ing wêtêng. II dipangan [x] pc: dipangan gêgrêmêtan.
(slêmpêd): êngg. kn. kc. slêmpit.
(slêmpit): nylêmpit kn. dumunung ing antarane barang; di-[x]-i: ditlêsêpi; di-[x]-ake: ditlêsêpake ing antarane barang.
slêmprit: pating [x] pc. padha ngunèkake sêmpritan.
slêndêp: pating [x] pc. krasa kaya dicocogi; di-[x]-i pc: dicocogi; kc. slundup.
slêntêr: mak [x] pc. enggal-enggalan lunga tanpa pêpoyan.
slêntham-slênthêm: pc. (nindakake apa-apa) mênêng-mênêngan.
slênthang-slênthing: kn. 1 tansah mambu sing ora enak; 2 pc. (krungu) pakabaran sing durung têrang.
slênthar-slênthir: pc. thar-thir.
slênthêm: I kn. ar. rêricikaning gamêlan (panêmbung sing wilahane mawa pêncu). II di-[x] pc: dijupuk tanpa têmbung; [x]-an: (nindakake apa-apa) mênêng-mênêngan, climèn.
slênthêr: mak [x] pc. enggal-enggalan lunga tanpa pêpoyan.
(slênthik): di-[x] kn. 1 disêntèg ing driji sing ditêkuk banjur dijêpatake; 2 dipengkal (ing jaran).
slênthing: mak [x] kn. dumadakan mambu apa-apa sing ora enak.
slênthir: pating [x] pc. 1 padha udud; 2 padha lunga saka siji (ora bêbarêngan).
slêngêt: mak [x] pc. dumadakan krasa angêt (panas).
slênggring: pating [x] kn. katon padha kuru-kuru; kc. sênggring.
slênggruk: pating [x] kn. padha nangis lsp. sênggruk-sênggruk.
slênggrok: pating [x] kn. padha nywara sênggrok-sênggrok.
slêngkrang: pating [x] kn. krasa kaya dicokoti; kc. sêngkrang.
slêngkring: pating [x] kn. krasa kaya dicocogi.
(slêngsêng): di-[x] pc. digolèki mrana-mrana.
slêp: mak [x] pc. katêranganing mlêbu.
slêpa: kn. wadhah sing digawe nam-naman mendhong dianggo wadhah kinang.
slêpèn: kn. wadhah rokok lsp. sing digawe namnaman mendhong lsp.
slêpêk: kn. sêsak, ora longgar; kc. kêslêpêk.
slêpi: êngg. kn. slêpèn.
slêra: kn. wilah pikukuhing gêdhèg.
(slêsêp): di-[x]-ake pc. ditlêsêpake.
slêsih: kn. tlêsih.

slêthêman: pc. slênthêman, climèn.
(slibik): di-[x] êngg. kn. dilimpe, diapusi.
(slibuk): di-[x](ake) kn. (dhuwit ut. barang palsu) dipayokake (diwènèhake).
sligi: kn. bngs. kayu cêndhak kiwa têngên lancip (dianggo tlorong lan piranti panênunan).
slikur: I pc. 21. II êngg. kn: pantèk wluku; kc. tlikur.
slilit: kn. turahaning pangan (daging) sing sumlêmpit ing sêla-sêlaning untu; mangsa dadia [x] pc. ora gandra sêpira; [x]-ên: (untune kêtlusupan slilit.
(slimur): di-[x] kn. dislamur.
slimut: êngg. kn. kêmul dhèk (kamli).
slimpang: êngg. kn. slempang.
(slimpe): di-[x] kn. dilimpe.
slimpêtan: kn. umpêtan, ndhêlik.
slindhit: pating [x] êngg. kn. menggak-menggok mbingungake tmr. dalan; [x]-an: pêpulêtan, ubêng-ubêngan ora karuwan.
slindhitan: kn. ar. manuk bngs. bèthèt cilik.
slintru: êngg. kn. sintru, wrana.
slingêr: mak [x] kn. dumadakan menggok; nylingkêr: menggok dadakan (sêmu ndhêlik); di-[x]-ake: diingêrake.
slingkuh: (-an) kn. 1 ora barès; 2 nganggo dhuwit lsp. sing dadi têtanggungane; 3 plingkuran, rikuh; di-[x]-ake: dianggo dhewe (tmr. dhuwit lsp. sing dadi têtanggungane).
slingsingan: kn. pêthukan nanging sliringan (kêtlisipan).
slingso: êngg. kn. kc. slèngso.
slira: I kn. bngs. mênyawak gêdhe. II ki (êngg. kn): awak; [x]-mu, [x]-ne, kêng [x] pc: kowe (rada ngajèni); dislirani ki: diawaki (ditandangi dhewe lsp). III pc: ganêpe dadi atusan kurang ... (tmr. petungan ing mainan).
slira-sliri: kn. mlaku lsp. bola-bali sarta kêrêp.
sliri: pating [x] kn. slira-sliri.
sliringan: kn. 1 mlaku pêthukan padha dene ana ingiringan; 2 mung beda (kacèk) sathithik.
slisiban: êngg. kn. kliru, salah.
(slisip): I di-[x]-ake êngg. kn. ditlêsêpake. II [x]-an êngg. kn. kliru, salah.
slisik: kn. dhidhis (ing wulu).
slisir: kn. 1 nyimpang, mlèsèt, mèncèng; 2 ar. têmbang têngahan.
slisuh: 1 kw. sayah bangêt; 2 êngg. sumèlèh pating bêsasik; kc. lisuh.
slitha-slithi: pc. tansah mlaku (liwat) wira-wiri.
sliwah: kn. ak. slewah.
sliwar-sliwêr: kn. katon pating sliri ora karuwan ênêre.
sliwêr: pating [x], [x]-an kn. sliwar-sliwêr.
sliwing: êngg. kn. nylèwèng.
(slubuk): di-[x]-ake êngg. pc. diblusukake, dislibukake.
(sludhah): di-[x] êngg. kn. disuguh akèh bangêt.

slugrak-slugruk: êngg. kn. ngranggèh-ngranggèh ora tata.
sluku: kn. linggih sikile slonjor; kc. saluku.
slukup: kn. saèm. kopyah.
slulup: kn. raine (êndhase) disilêpake ing banyu; di-[x]-i: disilêmi; di-[x]-ake: (raine, êndhase) disilêpake.
sluman-slumun: kn. bludhas-bludhus ing êndi-êndi tanpa rêringa; sluman-slumun slamêt: sanadyan ugal-ugalan ewadene tansah slamêt bae.
slumbat: kn. kayu lancip dianggo ngilangi [ngi...]
--- 569 ---
[...langi] (nèsèt) sêpêting krambil; di-[x](i): diilangi sêpête nganggo slumbat.
slumpring ~ suduk.
slumpring: êngg. pc. clumpring.
slundap-slundup: pc. 1 mlêbu mêtu (dom sing dianggo ndondomi); 2 tlêsap-tlêsêp.
(slundêp): di-[x]-i kn. dicublêsi, didèkèki apa-apa sarana dicublêsake.
(slundup): di-[x]-ake kn. 1 disurupake (bolah ing bolongan dom); 2 dicublêsake nganti mlêbu; 3 pc. dislibukake.
(slundhing): di-[x]-i êngg. kn. dibanjêl (diganti) ing sawatara mangsa; 2 disêlani ing tanduran liya; di-[x]-ake: dibanjêlake; [x]-an: 1 banjêl, sêsulih; 2 pagawean sambèn; 3 tanduran lsp. sing dianggo nyêlani (nylundhingi).
(slungsum): di-[x]-i êngg. kn. disulami (tmr. payon, nam-naman); [x]-an êngg: wlungsungan.
slup: mak [x] pc. angslup (mlêbu) rêrikatan; di-[x]-i pc. dilêboni, ditlêsêpi.
slura-sluru: kn. kêrêp kliru (luput) marga kêsusu.
slurup: êngg. kn. slulup.
(slusub): di-[x]-ake kn. dislundêpake, dicoblosake.
slusup: pating [x], [x]-an kn. tansah ngilang amblês (nlusup).
(slusur): di-[x] êngg. pc. ditlusur.
slutha-sluthu: kn. mlêbu tanpa tata-krama.
sluwag: pating [x] kn. pating krêmbyah tmr. rambut.
sluwir: pating [x] kn. padha suwir.
slobog: kn. ar. bathikan.
(slobok): di-[x]-i kn. dilêboni ing driji, tangan lsp. (tmr. bolongan, gêlangan, lêngênan lsp); di-[x]-ake: dilêbokake ing bolongan (gêlangan, lêngênan lsp); kc. lobok, slubuk.
slodha-slodho: kn. sumlonong mlêbu.
slodho: mak [x] pc. mlêbu tanpa tata-krama.
slogrong: mak [x] kn. enggal katon gêdhe; [x]-[x]: katon gêdhe.
slohak-slohok: pc. gêgunêman tanpa tata-krama.
sloka: kn. kc. saloka.
slokan: êngg. pc. kalenan.
sloki: kn. gêlas cilik dianggo ngombe inuman kêras.
(slomod): di-[x] kn. dinyunyuk ing gêni.

slomprèt: kn. 1 ar. unèn-unèn ênggone ngunèkake sarana disêbul; 2 tukang ngunèkake slomprèt.
slonang-slonong: kn. kurang ajar, murang tata.
slondam-slondom: êngg. kn. slonang-slonong.
slondom, slondop: êngg. kn. klênyêm.
slonjor: kn. (linggih) sikile digêjojorake.
(slondhoh): di-[x](i) kn. diaruh-aruhi (ditêpungi) kalawan andhap-asor (marga ngrumangsani yèn salah, ênom lsp).
slondhok: kn. lèrèp, timangan (gêlangan) sing diingsat-ingsêt; di-[x]-ake: dilèrèpake dislorokake.
slonong: pating [x] kn. padha murang tata.
slonthongan: êngg. kn. 1 klonthongan; 2 blombongan, pipa, wuluhan; 3 wadhah layang.
slongopan: êngg. pc. tansah angop.
slop: kn. bngs. cênela.
slorogan: êngg. kn. kothakan ing meja, pêthèn lsp. dianggo wêwadhah (pambukane sarana didudut); kc. slorok.
slorok: kn. 1 êngg. slarak; 2 (ut. [x]-an) slorogan; 3 (ut. [x]-an) pêndhok sing ditrètès; pating [x]: padha têka nawakake apa-apa; di-[x]-ake: dilèrègake.
(slosor): di-[x]-ake pc. ditlosorake.
slotho: êngg. kn. slêpèn.
smara: (S) kw. sêngsêm, trêsna, katrêsnan; kc. asmara.
smaradana: kn. ar. têmbang maca-pat.
smarandana: kn. smaradana.
smita: (S) kw. ak. mèsêm.
suba: I (S) kw. endah, kaendahan, bêcik. II di-[x]-([x]) kn: disungga-sungga, diurmati bangêt.
subada: (S) kw. ak. kukuh, sêntosa, mantêp, sêtya.
subaga: (S) kw. ak. misuwur, bêgja bangêt, bagus.
subagya: (S) kw. ak. bêgja bangêt.
subakti, subaktya: (S) kw. ak. sungkêm bangêt.
subal: kn. 1 apa-apa sing disêsêlake dianggo malsu; cêmara (sayèt) dianggo gêlungan; di-[x]: 1 êngg. pc. disêsêli; 2 dicampuri sing seje jinise (sing luwih ala), dipalsu.
subasita: (S) kn. tata-kramaning pasrawungan.
subuh: kn. wayah sêmbahyang esuk (jam 5).
subur: I kn. bêcik thukule, katon lêmu-lêmu (ora lêlaranên). II di-[x] êngg: dilapis êmas (disêpuh).
suda: kn. kalong, ora mundhak; di-[x]: dilongi, dicêngklong, dikurangi; sudan: cêngklongan, cowokan.
sudagar: kn. wong dagang (gêdhe); sudagaran: dêdagangan.
sudagnyana: kw. ak. alus bêbudène.
sudama: I kw. lintang. II (S) kw. ak: mêndhung, sagara.
sudana: (S) kw. ak. loma bangêt, sugih bangêt.
sudara: kw. sêdulur.
sudarawèdi: kw. mitra bêcik (mitra thing).

sudarma: (S) kw. 1 ak. loma bangêt, bêcik atine; 2 bapa.
sudarsana: kw. tuladha, têtuladan.
sudi: kn. kalawan sarjuning ati, gêlêm ngrahapi; ora [x] ks: suthik, êmoh.
sudibya: (S) kw. 1 luhur (sakti) bangêt; 2 pinunjul, linuwih.
sudigawe: wuruk [x] kn. gawe rêrusuh, ngrêrigoni.
suding: êngg. kn. tuding.
sudira: (S) kw. kêndêl bangêt.
sudiradraka: kw. ar. têmbang gêdhe.
suduk: I kn. gêgaman sing dicoblosake (kêris lap); pêdhang [x]: pêdhang sing landhêpe karo sisih; di-[x]: dicoblos ing kêris lsp; ([x])-[x]-an: gênti-gêtèn[9] nyuduk; [x]-ên:
--- 570 ---
krasa pating slêngkrang ing wêtêng.
suduk jiwa ~ suku dirga.
suduk jiwa: (slira) br. nglalu sarana nyuduk awake dhewe.
suduk maru: kn. lading sing landhêpe karo sisih.
sudra: (S) kw. wong asor; [x] papa: asor sarta nistha.
sujalma, sujanma: kw. wong, manungsa.
sujana: I kw. (wong) pintêr. II kn: sangga-runggi, disujanani: disanggarunggèni, dikawekani; sujanan: awatak sujana.
sujarah: kn. 1 urut-urutaning salasilah; 2 êngg. nênuwun mênyang ing pakuburan lsp., jiyarah.
sujèn: kn. iratan wilah lancip-lancip dianggo nyunduki sate lsp; di-[x]-i: disunduki ing sujèn; kc. suji.
suji: kw. suduk, lêlandhêp; pancak [x] kn. pagêr rajêg wêsi.
suju: I êngg. kn. gêndhuk (panyêbut marang bocah wadon). II [x]-ne pc: tujune.
sujud: (A) kn. sumungkêm ndhungkluk (kaya yèn salat); [x]-an êngg. ki: dhêngkul.
sudha: (S) kw. ak. 1 rêsik, tulus, suda; 2 mega.
(sudhah): di-[x] êngg. kn. didhudhah.
sudhang: I êngg. kn. lodhong pring. II (di-[x]) kn: dicublês ing sungu; kc. sundhang.
(sudhat): di-[x] êngg. kn. disudhèt.
(sudhèt): di-[x] kn. 1 dicublês banjur dibêdhah (disuwèk); 2 dibêdhah banjur disimpangake tmr. kalèn lsp; [x]-an: kalèn simpangan.
sudhi: kn. saèm. pincuk bundêr ing têngahe munggul lancip.
sudhiya: kn. cêcawis, wis cêcawis; kc. sadhiya, sêdhiya.
sudhing: êngg. pc. ora sudi, suthik, sungkan.
sudhung: kn. 1 gêgrumbulan omah cèlèng; 2 omah (dianggo ngêsorake).
sugal: kn. bêngis, songol tmr. têtêmbungan.
sugat: êngg. sugata.
sugata: kw. (êngg. k): suguh, pisuguh; di-[x]: disuguh.
sugèh: êngg. pc. sugih.
sugêng: 1 êngg. kn. umuk, gumêdhe; 2 ki. slamêt; 3 êngg. ki. lêmu.

sugih: kn. 1 duwe bandha akèh; 2 kadunungan apa-apa sing akèh, up. [x] kawruh; nyugihi: njalari sugih; ka-[x]-an bandha lsp; pa-[x]-an: sarana (jimat lsp) sing njalari bisa sugih.
sugih-singgih: kn. sugih sarta ngrênggêp pangkat gêdhe.
sugya, sugyan: kw: têrkadhang, sok, mênawa.
sugu: êngg. kn. 1 wilah pring wuluh dianggo ngêlus; 2 bngs. lading; disugoni: 1 disogok ing sugu; 2 dilêboni kayu (tmr. kêrên lsp); disugokake: dilêbokake ing kêrên lsp. (tmr. kayu bong).
suguh: (ut. sêsuguh) n. sêgah (sêsêgah) k: panganan lsp. sing diladèkake marang dhayoh; di-[x]: diwènèhi sêsuguh; di-[x]-ake: diwènèhake marang dhayoh; [x]-an: apa-apa ding disuguhake.
sugun-sugun: kw. gupuh-gupuh (gita) ênggone nampani dhayoh; di-[x]-[x]: disungga-sungga, disuba-suba.
sugoh: êngg. pc. suguh.
sugrêng: kn. katon singub tmr. alas lsp.
sugri: êngg. kn. kabèh.
suh: I kn. gêlangan (pênjalin lsp) dianggo pikukuhing sapu; di-[x]-i: ditrapi suh. II kw. lêbur, rusak; kc. syuh.
suhud: (A) kn. ak. pangibadah, nyingkur kasênêngan.
suhul: kn. mindêng, ngèsthi.
(suhun): I di-[x] êngg. kn. dijaluk (saka wong kang kinurmatan); kc. suwun. II di-[x]-([x]) kw: dipundhi(-pundhi).
suyasa: kw. omah, gêdhong; kc. yasa.
suyud: kn. asih sumarah, lulut marang; di-[x]-i: disihi (ing wong akèh).
suk: I di-[x]([x]) kn. didhêsêk, didhêsuk. II pc: besuk. III kw: lumêbu; kc. asuk.
suka: I kn. bungah; [x]-[x], [x] pari [x], sukan-sukan: bungah-bungah, sênêng-sênêng; kc. kasukan. II k. awèh, olèh (nglilani); dipunsukani k: diwènèhi; dipunsukakakên k: diwènèhake. III êngg. kn: luwung, luwih bêcik ...
suka-lila: (-rila) kn. kanthi sênênging ati sarta lila.
suka-nrima: (-sokur, -panarimah) kn. matur nuwun.
sukak: êngg. kn. suka.
sukan: kn. sungkan, suthik.
sukara: (S) kw. ak. cèlèng.
suka: -(pi-)rêna kn. bungah lan sênêng.
sukarsa: kw. bungah, sênêng.
sukarta: I di-[x] kw. diaru-biru, disruwe. II di-[x] kw: dibêbêcik, disungga-sungga.
suka-wibawa: kw. bungah-bungah sarta sênêng-sênêng.,
sukêr: kn. 1 ewuh, rêkasa angèl; 2 rêgêd, jênês; 3 (tarab ki) nggarap banyu (pambêngan); 4 êngg. sêdhih, susah; di-[x]-i: 1 dirêgêdi; 2 êngg. disusahake.
sukêr-sakit: kn. pakewuh (kangelan) sarta lara.
sukêrta: kw. kc. sukarta.

sukêt: n. rumput k. têtuwuhan sing lumrah thukul ing ara-ara lsp. (dianggo pakan raja-kaya); (pa)[x]-an: papan sing ana (katuwuhan) sukêt.
suk-iki: êngg. sesuk.
sukla: (S) kw. ak. putih, bêning, rêsik.
sukle, suklih: pc. diyan corong (sorote bisa bablas).
sukma: I kw. alus, bangêt; 2 kn. roh (jiwaning manungsa); Hyang [x]: Allah.
sukmana: kw. sukma.
suku: I k. sikil. II kn: ar. sandhangan ing aksara Jawa (...); di-[x]: dirakêti sandhangan suku; sukon: mawa sandhangan suku. III êngg. kn: 1/2 rupiyah.
suku dirga: (mêndut) kn. sandhangan suku swarane dawa (...).
--- 571 ---
sukun ~ sumangkeyan.
sukun: I kn. tanpa untu, tanpa isi (tmr. wowohan sing lumrahe ana isine). II kn: bngs. kluwih (tanpa isi).
suk-un: (C) kn. bngs. bihun lêmbut.
sukup: kn. kêbak bangêt (dhêdhêt, riyêl).
sukur: kn. sokur.
sukra: kw. Jumuwah.
sukrêta: kw. kc. sukarta.
sukska: (S) kw. ak. susah.
suksma: (S) kw. 1 alus, lêmbut, samun, ilang; 2 roh (jiwaning) manungsa; Hyang [x]: Allah; manuksma, nuksma: manjing, nitis; di-[x]: dilêbokake ing batin (tmr. maca).
suk-sukan: kn. dhêsuk-dhêsukan, dhêsêk-dhêsêkan.
sukci: kn. suci.
sula: (S) kw. lêlandhêp, tumbak; kc. sulah.
sulah: kw. lêlandhêp, tumbak; di-[x]: diukum sarana dikrocok ing gêgaman (ditumbaki lsp).
sulaya: kn. 1 gèsèh, ora cocog; 2 padudon; disulayani: ora dirujuki, digèsèhi; (pa-)sulayan: padudon, congkrah.
sulayah: pating [x] kn. padha pating glimpang, padha rubuh; ka-[x] br: 1 ambruk, rubuh; 2 kalah pêrange; 3 nglumpruk tanpa daya.
sulak: I kn. kêlud kang digawe wulu pitik; di-[x]-i: dikêluti nganggo sulak. II êngg. kn: selak. III kn: 1 sorot sing sumamar (kc: soroting gêni omah kobong sing katon ing langit); 2 sêmu tmr. warna, up. abang [x] putih; ka-[x] br: kasorotan.
sulaksana: (S) kw. ngalamat bêcik.
sulam: kn. 1 apa-apa sing dianggo nyalini sing rusak; 2 bolah (bênang mas lsp) sing dianggo nyongkèt; 3 uwanên; di-[x]-i: 1 disalini sarana disêsêlake (ditambahake); 2 dibêdhol banjur disalini sing luwih bêcik tmr. tanduran; [x]-an: bludiran.
sulanjani: kw. ar. têmbang gêdhe.
sulanjari: kw. ar. têmbang gêdhe.
sulantên: êngg. k. sulaya.

sulang: I êngg. kn. thukulan anyar (tmr. têbu). II sêsulang kn: katêrangan nalar-nalaring prakara; di-[x]-ake: dijlèntrèhake (ditêrangake) nalar-nalare.
sulap: I kn. ora bisa katon cêtha marga blêrêng ut. marga kang didêlêng mblêrêngi. II di-[x] kn: dimalihake wujude (kaanane) sarana rêrekan ut. kaprigêlan; [x]-an: tontonan elok-elokan sarana kaprigêlan ut. rêrekan.
sulbi: kn. ak. pawadonan, guwagarba.
suldhadhu: kn. prajurit.
suldhat: (W) pc. prajurit.
(sulêd): di-[x] pc. disumêd; [x]-ên: kulite padha pating plêmpung kaya dislomoti.
sulêk: êngg. kn. rupak, sumpêk.
suligi: kw. sligi.
sulih: kn. gênti: sêsulih: 1 kang dadi gêgêntine wong liya; 2 pc. wakil; 3 têmbung sing dadi gêgêntine têmbung aran (ing paramasastra); di-[x]-i: digênti (diwakili) wong liya; di-[x]-ake: didadèkake sêsulih.
suling: kn. 1 ar. unèn-unèn sing digawe pring wuluh lsp. didokoki bolongan ênggone ngunèkake sarana disêbul; 2 êngg. pipa, wêsi wuluhan; glundhung [x] pr: rabi tanpa nggawa panganggo lsp.; nyuling: ngunèkake suling.
sulistya: kw. bagus (ayu) bangêt.
sulit: kn. 1 angèl ambah-ambahane (pangrêmbuge); 2 êngg. rêkasa, ruwêt tmr. prakara lsp.
suluh: I êngg. kn. 1 colok, obor cilik; 2 kayu obong; 3 br. pacalang, kongkonan; di-[x](-i) êngg: 1 dicoloki, dipadhangi; 2 (golèk iwak, manuk lsp) sarana dipadhangi ing obor; 3 (ut. di-[x]-[x]) dilari, dipriksa. II kn: 1 katon sêmburat kuning (wis matêng) tmr. gêdhang; 2 raine katon kuning (awake irêng). III [x]-an kn: 1 padoning mata sing cêdhak irung; 2 adon-adon (sambungan) bata.
suluk: kn. 1 êngg. têtêmbungan; 2 kêkidungan dhalang arêp nyritakake (ngocapake) wayang; 3 layang têmbang sing ngêmot piwulang (ngèlmu) gaib.
sulung: I êngg. kn. dhisik. II kn: bngs. laron cilik.
sulur: I kn. oyod sing ora kêpêndhêm ing lêmah. II êngg. kn: sêsulih, wakil; di-[x]-i êngg: disulihi, diwakili; di-[x]-ake: disulihake.
Sultan: kn. ratu.
sultani: kn. bngs. klambi lêngênane têkan ing sikut.
(sum): di-[x] êngg. pc. diplipit.
suma: kw. kêmbang; kc. kusuma.
sumabarang: n. sumakawis k. samubarang.
sumadi: êngg. kn. ditandhing karo, tinimbang; kc. sumandi.
sumaji: kn. sumaos ki. wis sumadhiya, cumêpak; kc. saji.
sumadhiya: kn. wis disêdhiyakake.
sumagar: (-an) êngg. kn. kanthi têmên-têmên, mêmpêng.
sumaguh: n. sumagah k. katon saguh.
sumahab: kw. katon gêgrombolan akèh.

sumaya: n. sumaos k. sêmaya.
sumakawis: k. sumabarang.
sumakeyan: kn. sumangkeyan.
sumalah: kw. sumèlèh; kc. salah, sèlèh.
sumamar: br. rêmêng-rêmêng, ora padhang; kc. samar.
sumambirat, sumamburat: kw. sumorot; kc. sêmburat.
sumambung: n. sumambêt k. nyambungi gunêm lsp; kc. sambung.
sumanak: kn. tangkêpe kaya sêdulur; kc. sanak.
sumanasa: kn. ar. kêmbang.
sumandi, sumandhi: êngg. kn. ditandhing karo, tinimbang.
sumandhing: br. cêdhak bangêt karo; kc. sandhing.
sumanta: kn. sêmanta.
sumantali: kw. srati, juru wuruk.
sumangga: 1 kn. sakarêpmu; 2 ki. ênya, ayo; disumanggakake: dipasrahake ing sakarêpe.
sumangkeyan: kn. umuk, ngunggul-unggulake kaluhurane (kaluwihane).
--- 572 ---
sumangkin ~ sumêrêp.
sumangkin: êngg. kn. saya.
sumangsang: kn. gumantung (sumèlèh) ing wit-witan lsp; kc. sangsang.
sumaur: kn. mangsuli gunêm; kc. saur.
sumaos: ki. sumaji.
sumapala: br. rèmèh, andhapasor; kc. sapala.
sumapantên, sumapawon: êngg. k. sumapala.
sumaput: kn. klêngêr ora eling; kc. saput, sêmaput.
sumar: kw. 1 wrata ngèbêki; 2 ngambar tmr. ambu.
sumarah: kn. pasrah, manut miturut; kc. sarah.
sumare: kn. dikubur ing; kc. sare.
sumarma: I kw. wêlas marang. II kw: mulane.
sumarmi: kw. sumarma.
sumarsana: kw. kêmbang cêpaka.
sumawah: kn. panas, wis mèh umob.
sumawana: êngg. kn. apa-dene, karo manèh.
sumawur: kn. sumêbar disawur-sawurake; kc. sawur.
sumba: pc. kasumba.
sumbaga: kw. pc. subaga, sêmbaga.
sumbalinga: êngg. kn. bisa uga kêtuhon.
sumbang: I kn. wis timbang, wis padha. II (ut. [x]-an) kn: urunan marang wong duwe gawe lsp; di-[x] kn: 1 dipitulungi; 2 diuruni dhuwit lsp. (ing nalikane duwe gawe lsp).
sumbang-surung: kn. (awèh) pitulungan ut. urunan sawêtara.
sumbar: I (ut. sêsumbar) kn. ngêtokake têmbung panantang (ngajak unggul-unggulan lsp); di-[x]-i: ditantang (diajak) unggul-unggulan. II kn: ar. dolanane bocah wadon (nganggo kêcik lsp).

sumbat: I kn. buk (ora tuna ora bathi). II di-[x](i) êngg. kn: dislumbat(-i).
sumbêr: i kn. bêlik, tuk; 2 êngg. k. sumur; 3 êngg. kn. lêkikan ing cêniling kuping; [x]-an êngg: akèh banyune (ngêtuk) tmr. sawah.
sumbi: kn. 1 wilahan diubêl-ubêli kapuk dianggo manthêng apa-apa sing ditênun; 2 êngg. cocohing cathokan ut. timang.
sumbilang, sêmbilang: kn. ar. iwak sêgara.
sumbit: êngg. kn. gèntèr nganggo canggahan dianggo nyènggèt wowohan..
sumbu: kn. 1 êngg. ucêng-ucêng (bêdhil, mêrcon lsp) sing disumêd; 2 lawe lsp. ditrap ing kaling diyan (minangka urub-urubing diyan); sumbon: bolonganing bêdhil (mriyêm) sing dilêboni ucêng-ucêng.
sumbul: kn. 1 êngg. wakul (cêthing) nganggo tutup; 2 wadhah saèm. cêthing nganggo tutup dianggo upacara; 3 bendha sing dipasang ing dhuwur (tmr. dolanan bengkat).
sumbung: kw. kêwêntar, misuwur; kc. sombong.
sumbut: pc. gutuk, kurup.
sumbon: êngg. pc. ora sêbêl (siyal), olehan ênggone golèk iwak lsp; kc. sumbu.
sumèh: kn. manis sêmu ngguyu tmr. polatan.
sumèlèh: kn. 1 dumunung ing lêmah (ora ngadêg); 2 êngg. wis sèlèh (lêga) atine; kc. sèlèh.
sumendhe: kn. 1 ngadêg asendhean; 2 sumarah marang; kc. sendhe.
sumèntêg: kn. (krasa) abot junjung-junjungane; kc. sèntêg.
sumepa: kw. mèmpêr (padha) karo; kc. sanepa, sepa.
sumewa: kw. seba, ngadhêp marang; kc. sewa.
sumêbar: kn. wrata ingêndi-êndi; kc. sêbar.
sumêblak: kn. 1 mênga amba; 2 padhang bangêt; kc. sêblak.
(sumêd): di-[x] kn. dinyunyuk ing gêni murub (supaya murub); [x]-ên: sulêdên.
sumêdya: kn. duwe niyat arêp; kc. sêdya.
sumêja: pc. sumêdya.
sumêdhot: kn. 1 krasa kêncêng kaya dicènèng; 2 (-atine) krasa sêdhih dadakan.
sumêgrak: kn. kêras bangêt ambune; kc. sêgrak.
sumêk: kn. rada apêk.
sumêksa: kw. mêksa.
sumêkta: kn. samêkta.
sumêla: kn. dumunung ing antara; kc. sêla.
sumêlang: I br. dadi slundhingan (amrih gonta-ganti); kc. sêlang, sêlang-sêling. II kn: kuwatir, samar, ora tega; di-[x]-i: dikuwatiri, disamari; di-[x]-ake: dikuwatirake; sumêlangan: gampang uwas (kuwatir).
sumêlap: kn. sumlêmpit (tumlêsêp) ing; kc. sêlap.
sumêmbur: kn. mêtu nyêmprot saka ing cangkêm; kc. sêmbur.
sumêndhe, sumêndhi: kn. kakang wragil.

sumêne: kn. sêmaya, isih tamban; disumênèkake: diundur (disarèhake) wêktune.
sumêntana: kn. sumanak marang para luhur; kc. sêntana.
sumêntêk: kn. lêncir (tmr. pawakane bocah wadon).
sumêntug: kn. 1 (krasa) mambu ora enak; 2 krasa sêsêg wêtênge.
sumêntor: kn. mili gumrajag; kc. sêntor.
sumênthir: kn. mili bantêr (iline cilik).
sumênthor: kn. mili bantêr (iline gêdhe).
sumêng: êngg. kn. angêt (panas) awake.
sumêngah: kn. umuk, kumlungkung; kc. sumungah.
sumêngèr: kn. nywara sêru tmr. mênjangan; kc. cêngèr.
sumêngguh: kn. umuk; kc. sêngguh.
sumêngit: kn. 1 nyênyêngit; 2 umur-umurane bocah lagi sênêng-sênênge kêrêngan; kc. sêngit.
sumêngka: kn. munggah (ndêdêr); [x] pangawak braja br: munggah (nggayuh) kang dudu mêsthine; kc. sêngka.
sumêngkrang: kn. krasa mak sêngkrang.
sumêpêr: êngg. kn. mampir; kc. sêpêr.
sumêr: I [x]-[x] kn. angêt (panas) awake. II kw: ngambar tmr. ambu; kc. sumar.
sumêrap: êngg. k. sumurup.
sumêrêp: k. 1 wêruh; 2 sumurup.
--- 573 ---
sumêt ~ sumrêbêd.
sumêt: êngg. pc. sathithik bangêt.
sumêta: pc. sumêkta.
sumigung: kn. kumliya, ora nggape; kc. sigan, sigun.
sumiyut: kn. 1 nywara siyut-siyut tmr. angin; 2 lumarap banter.
sumilak: kn. 1 rêsik sumisih; 2 rêsik apadhang; kc. silak.
sumilih: I kw. gumanti, nyulihi. II kw: 1 sanadyan mêngkono; 2 mênawa; kc. silih.
sumilir: kn. midid alon tmr. angin; kc. silir.
sumimpang: kn. nisih, nyimpang; kc. simpang.
sumingêb: kw. 1 kalimputan, katutupan; 2 sêmaput, klêngêr; kc. singêb.
suminggah: kn. sumingkir, oncat saka; kc. singgah.
suminggun: kn. sumigun.
suminge, sumingi: kn. têturon êndhase njênggèlèk (tmr. wong mêntas manak).
sumingkir: kn. nisih, nyimpang, ngoncati; kc. singkir.
sumirat: br. 1 sumorot; 2 mancur muncrat; kc. sirat.
sumirih: br. sêsirih; kc. sirih.
sumiring: kn. ar. gêndhing.
sumisih: kn. nyimpang, nisih; kc. sisih.
sumitra: 1 kw. mitra, kanca; 2 kn. ak: macan.
sumiwi: kw. seba, ngadhêp marang; kc. siwi, sumewa.
sumyah: kn. sêgêr sarta isis tmr. rasane awak.

sumyak: (ut. [x]-[x]) kw. rame, gumyêk (tmr. swara, angin lsp).
sumyang: kw. umyung arame.
sumyar: kw. 1 sumêbar wrata; 2 sumringah, katon padhang; 3 umyung arame; 4 gumyur (rasaning ati lsp).
sumyuh: kw. nglêbur, ngrusak; kc. syuh.
sumyur: kn. ajur (ambyar), rêmuk.
sumladhang: kn. sumèlèh malang; kc. sladhang.
sumlanggrang: kn. sumèlèh (gumantung) malang ing papan sing dhuwur; kc. slagrang.
sumlêmpit: kn. ditlêsêpake ing antarane barang; kc. slêmpit.
sumlêngêrên: kn. njêngêr marga gumun bangêt.
sumlêngêt: kn. krasa angêt (panas).
sumlêsêp: kn. nlêsêp; kc. tlêsêp.
sumlirih: kw. kc. sumirih.
sumlobok: kn. lumêbu ing bolongan lsp; kc. slobok.
sumlodho: kn. murang tata-krama.
sumlondhoh: kn. ngaruh-aruhi lsp. ngrumangsani asore (rumasa ênom); kc. slondhoh.
somlonong: kn. kurang ajar, murang tata.
sumub: kn. uwab wedang; ke-[x]-an: kêna uwabing wedang.
sumugih: (-sugih) kn. ambêk sugih.
sumugun-sugun: kw. gupuh-gupuh, gita; kc. sugun.
sumuyud: kn. asih lan miturut marang; kc. suyud.
sumuk: kn. 1 krasa prungsang dening panas; 2 daya panasing gêni; 3 tumus, daya sing ora bêcik; ke-[x]-an: kêdayan sing ora bêcik.
sumunar: kw. sumorot; kc. sunar.
sumundhul: br. 1 sundhul ing; 2 dumadakan nututi (nusul); kc. sundhul.
sumunu: kw. sumorot; kc. sunu.
sumung: kn. sumêng.
sumungkêm: br. 1 sujud, sungkêm marang; 2 bêkti bangêt marang; kc. sungkêm.
sumungsung: kw. 1 nungsung; 2 nusul, mêthuk; kc. sungsung.
sumur: kn. luwangan jêro isi banyu tuk; [x] mati: 1 sumur sing wis ora ngêtuk; 2 pc. wong sing ora tampikan; [x] lumaku tinimba pr: njaluk diguroni (nawak-nawakake ngèlmune).
sumur bur: kn. pancuran pipa wêsi sing diburake sajroning lêmah.
sumur gumuling: kn. urung-urung (blumbangan) ing sajroning lêmah; nyumur gumuling: 1 wêwatakane angèl dijajagi; 2 ora bisa simpên wadi.
sumurup: n: 1(sumêrêp k) mlêbu ing; 2 (sumêrêp k) wêruh; 3 (sumêrêp k) minangka dadi, dianggêp dadi; di-[x]-i: diwêruhi; di-[x]-ake: diwêruhake, diwulang lsp; kc. surup.
sumusul: br. nusul; kc. susul.
sumorot: kn. ngêtokake sorot (cahya).
sumosor: kw. kêbawah marang.

sumpah: kn. nganggo pasaksining Allah diaturi nêksèni yèn apa sing dikandhakake pancèn nyata ut. bakal dituhoni; di-[x]: dikon sumpah; di-[x]-i: padha disumpah; 2 disêpatani.
sumpêk: kn. 1 ora kobèt, kêciyutên; 2 jibêg, ora bingar.
sumpêl: kn. 1 apa-apa sing dianggo nutupi bolongan (gêndul lsp); 2 katon mupruk ora ilap-ilapan (tmr. cènggèr); di-[x]-i: ditutupi nganggo sumpêl.
sumpêna: k. ak. impèn, ngimpi.
(sumpêt): di-[x] kn. 1 (ut. di-[x]-i) ditutupi rapêt (aja nganti kêlêbon angin lsp); 2 disidhêm, dikêkêr tmr. wadi.
sumpil: êngg. kn. sompil.
sumping: kn. 1 rêrêngganing kuping (wujud wlulang tatahan lsp. dikolongake ing kuping); 2 (ut. [x]-an) êngg. kn: lunggèn, sadhiyan; di-[x]-i: diênggoni sumping; [x]-an: nganggo sumping.
sumpit: êngg. kn. slêpèn.
sumpyuh: kw. anglês (êntèk dayane).
sumpung: kn. pothol (ilang) cucuke (irunge lsp).
sumrah: I êngg. kn. sumyah. II kw: pasrah; kc. srah.
sumrambah: kn. wrata (umum) ing êndi-êndi; kc. srambah.
sumranthal: êngg. kn. mlayu rikat; kc. jranthal.
sumrasah: kw. gumêlar (wrata) ing êndi-êndi; kc. srasah.
sumrawah: êngg. pc. mêtu ing bolongan sarta nywara tmr. angin, banyu lsp.
sumrawang: kn. ora rapêt tmr. tênunan lsp; kc. sêmrawang.
sumrèsèh: kn. kalawan gapyak (sumèh) ênggone ngajak omong lsp.
sumrêbêd: kn. midid tmr. angin, ngambar tmr. ambu.
--- 574 ---
sumrêg ~ sungkawa.
sumrêg: kw. kalawan rame (gumyêg).
sumrêgêp: kn. ambêk srêgêp.
sumrêpêt: kn. krasa pêtêng pandêlênge (arêp klêngêr).
sumrêsêp: kn. mlêbu (manjing) ing; kc. sêsêp.
sumrêt: êngg. kn. sathithik bangêt.
sumribid: kn. midid rada bantêr tmr. angin.
sumrik: kw. mambu handuk.
sumrinthil: pc. gêlêm mèlu lsp. kanthi agahan (rikat).
sumringah: kn. katon bingar (padhang, waras) polatane, katon rêsik nyênêngake tmr. warna.
sumriwing: kn. krasa kaya isis (didamoni).
sumrubud: kn. 1 gumrubug tmr. angin; 2 mlayu rêrikatan.
sumrunthul: kn. mlayu rikat; kc. jrunthul.
sumruwêng: kn. nywara wêng (wing), nywara gumrênggêng.
sumruwung: kn. nywara gumrunggung tmr. angin, rêrungonên swara gumrubug tmr. kuping.
sumruwo: kw. mèlu-mèlu nrambul (nyruwe).
sumrobod: kn. sumrubud.
sumrowong: kn. akèh bolongane amba-amba.

sun: kw. aku, dak -.
sunah: I (ut. di-[x]-ake) êngg. kn. rampung, dirampungake. II kn. ak: kc. sunat.
sunan: kn. 1 sêsêbutane para wali; 2 sêsêbutane panjênêngane nata ing Surakarta.
sunar: kw. sorot, cahya.
sunat: I (A) kn. 1 ora diwajibake nglakoni nanging prayoga yèn linakonan (babagan agama Islam); 2 êngg. jakat marang kaum lsp. II kn: 1 êngg. têtak; 2 (têtês ki) diislamake tmr. bocah wadon; di-[x]-i: 1 êngg. ditêtaki; 2 (ditêtêsi ki) diislamake tmr. bocah wadon; [x]-an (têtêsan ki): duwe gawe nyunatake. III di-[x]-i êngg. kn: dibêlèh.
sundari: I (S) kw. ak. wong wadon endah. II kw. ak: sêndarèn.
sundawa: kn. sêndawa.
sundêk: êngg. kn. sumpêk.
sundêl: ks. palanyahan.
sundêl-laut: kn. jaran wêton pulo Sumba.
sundêp: kn. ar. gêgrêmêtan sing dadi amaning pari; di-[x]: dicoblos; [x]-ên: kêna ing ama sundêp.
sunduk: I kn. 1 saèm. sindik gêdhe; 2 sada (sujèn lsp) sing dianggo ngrèntèng (sarana dicoblosake); 3 kayu sangisoring blandar lan pangêrêt dianggo nyêngkah saka guru; di-[x](i): dirèntèng sarana dicoblosake ing sunduk; [x]-an: rentenganing apa-apa sing disunduki; kêbak [x]-ane: wis akèh kaluputane (kasalahane). II kn: cocog karo nalare; [x] prayogane: dicundhukake karo nalare; olèh etunge, luput [x]-e pr: mungguhing nalare (teyorine) wis bêcik, nanging barêng dicakake ora bêcik; di-[x]-ake: dicocogake karo nalare.
sundha: kn. ambal kaping, sungsun; kc. tundha.
sundhang: I kw. sungu; di-[x] kn: dibijig ing sungu. II di-[x] kn: (têturon) diumbulake êndhase ut. gulune (kaya wong sing arêp nglairake bayi, supaya enggal lair).
sundhul: kn. 1 (êndhase, puncake) nganti nggêpok ing; 2 kêcêndhèkên tmr. lotèng, pringgitan lsp; di-[x]: 1 digêpok ing êndhas (puncak); 2 (ut. di-[x]-i) disusuli layang (atur) manèh; 3 durung mangsane wis kêtrênjêl liyane (tmr. untu durung pupak, bayi isih suson wis duwe adhi manèh); [x]-an: 1 susulan; 2 (ut. pa-[x]-an) ki. êmbun-êmbunan.
sundhul langit: kn. 1 kêmbang kênanga; 2 ar. lênga wangi.
sundhul poyuh: kn. diumbulake nganti dhuwur (bandhulan lsp).
sundhung: êngg. kn. bngs. pikulan sukêt.
sunu: I kw. sorot, cahya. II (S) kw. anak; sêsunu: anak-anak.
(suntak): di-[x] kn. diwutahake (disok) wadhahe dijungkir.
(suntêk): di-[x] êngg. kn. disuntak.
Suntên: êngg. k. Sura.
(suntik): di-[x] kn. 1 dicoblos dijupuk gêtihe; 2 diserum.
sunting: êngg. kn. sumping.
suntrut: kn. katon kucêm (sêdhih) polatane.
sunthi: kn. ar. êmpon-êmpon; irung [x]: irung cilik; prawan [x]: prawan cilik (durung nggarap banyu).

sunya: (S) kw. sêpi, suwung; kc. sunya.
sung: kw. awèh; di-[x]-ake: diwènèhake.
sunga: kn. bolah sutra.
sungan: (e) êngg. kn. bok mênawa.
sungapan: kn. pantoganing kali sing wutah ing sêgara.
sungar: kn. songar.
sungga: I êngg. kn. borong. II di-[x]-[x] kn: disuba-suba, diurmati bangêt.
sunggal: kn. ak. sugal.
sunggan: êngg. kn. borang.
sunggar: êngg. kn. jungkat; di-[x]: 1 dijungkati lsp. disungsang (diwalik); 2 diadhuk, diwalik tmr. lêmah; 3 diunggar, digêgasah.
sunggata: kn. sugata.
sunggèk: êngg. kn. sènggèt.
(sunggi): di-[x] kn. digawa ditumpangake ing êndhas; di-[x]-[x]: dipundhi-pundhi, diurmati bangêt.
sungging: kn. 1 gêgambaran rêrênggan sing dicèt ngrêmit; 2 cèt sing dianggo marna wayang lsp; di-[x]: dicèt, dipulas ing cèt (tmr. gêgambaran, wayang lsp); [x]-an: 1 gêgambaran sing disungging; 2 ênggone (olèh-olèhake) nyungging.
sunge: kw. ak. kali.
sungil: kn. 1 angèl diambah tmr. jurang lsp; 2 êngg. angkêr, gawat.
(sungkal): di-[x] êngg. kn. dipêcah (watu).
sungkan: êngg. kn. 1 suthik tumandang; 2 (ut. [x]-an) ora doyan ing gawe (kêsèd).
sungkawa: kw. prihatin, susah.
--- 575 ---
sungkêm ~ surapsara.
sungkêm: kn. 1 sujud, tumungkul konjêm ing lêmah; 2 bêkti bangêt; di-[x]-i: 1 diraup sikile pratandha urmat bangêt; 2 digêgêgi, diantêpi; di-[x]-ake: didhungklukake.
(sungku): di-[x] kw. dipêlêng, dièsthi.
sunglon: kn. 1 sungapan (têmpuraning) kali; 2 sêgara sing nglojok ing dharatan; 3 tanjunganing ikêt; 4 luju, piranti dianggo nyithak pêndhok.
sungu: n. singat k. barang sing nyongat ing êndhase kêbo, sapi lsp, minangka gêgaman.
sungut: kn. 1 apa-apa sing dawa nyongat; 2 saèm. rambut ing êndhase gangsir lsp. dianggo piranti ngrêrasakake (nggrayang); 3 gantilaning sarining kêmbang; 4 pêpucuking baris (kongkonan lsp); adu [x]: padha dene golèk dhadhakaning padu; têpung [x]: wis têpung nanging durung wêruh rupane (mung sarana layang lsp).
sungsang: I kn. kuwalik (sing dhuwur dadi ana ingisor); [x] buwana balik pr: wolak-walikan (sing asor dadi luhur, luhur dadi asor lsp); nungsang: 1 njungkir; 2 turu sandhing wong lara êndhase dumunung ing dagane sing lara; di-[x]: diwalik, dijungkir. II kn: ar. wuku kang kaping sapuluh.

sungsat: (adoh) [x]-e kn. (akèh bangêt) bedane.
sungsud: kn. ak. susud.
sungsum: kn. 1 bngs. gêtih ing jêron balung; 2 ent. kakuwatan, karosan.
sungsun: kn. 1 ([x] timbun) têtumpukan, tumpuk-tumpuk; 2 têtumpukan tundha-tundha, tumpang-tindhih; di-[x]: ditumpuk, ditundha-tundha.
(sungsung): nungsung kn. 1 mapagake, mêthuk; 2 mêthukake lakuning banyu (angin); nungsung guyu br: mapagake kambi mèsêm (ulat manis); nungsung warta (kabar): golèk (takon-takon) wartane.
sunya: kw. suwung, sêpi.
sunyaruri: kw. alam kaalusan (alame para roh).
sunyata: kw. 1 ak. kasuwungan; 2 nyata, sanyata.
(sunyuk): di-[x] êngg. kn. dinyunyuk.
suul: (A) kn. mêmpêng marsudi marang agama.
suun: kn. kc. suk-un.
sup: kn. ar. bakal tênunan.
supada: (S) kw. ak. kewan galak.
supadi: kw. supaya.
supados: k. supaya.
supadya: kw. supaya.
supaya: n. supados k. murih (amrih) kêlakona mêngkono (têmbung pangikêt).
supak: êngg. kn. supêk.
supangat: kn. 1 pandonganing para Nabi, wali lsp; 2 bêrkah.
supaos: k. supata.
supata: n. supaos k. 1 wêwêlak, ipat-ipat; 2 nêtêpake bênêr (nyata)ning prakara kanthi sumpah ut. kanthi ngajab wêwêlak; disupatani: diipat-ipati, dipujêkake supaya kênaa ing wêwêlak.
supatni: kw. ak. garwaning ratu.
supe: 1 k. lali; 2 (sêsupe) ki. ali-ali.
supêk: kn. sumpêk, rupêk.
supêna: k. impèn; 2 ngimpi.
supênuh: kw. kêbak bangêt; kc. pênuh.
supi: (A) kn. ngèlmu gaib.
supir, sopir: kn. tukang nglakokake montor.
supit: kn. 1 ciyut bangêt tmr. dalan lsp; 2 sapit gêni lsp; 3 sapiting yuyu lsp; 4 cukit sing dianggo bangsa Cina yèn mangan; 5 balung sangisoring brotol tmr. kewan iwèn; 6 ki. têtak; di-[x]: dijupuk (dicêkêl, dijapit) nganggo supit; di-[x]-i: ki: ditêtaki.
supitan: 1 kn. dalan sing ciyut; 2 kn. sêgara antarane pulo-pulo; 3 ki. têtakan.
supit urang: kn. 1 dalan loro jèjèr sing anjog ing palataran; 2 nganggo plêngkungan; 3 bêbêdan kaprajuritan (mung têkan ing dhêngkul); 4 br. araning gêlaring baris.
supraba: (S) kw. ak. sumorot, padhang bangêt.
supranata: (S) kw. ak. sungkêm bangêt, nyêmbah.

suprandene: n. suprandosipun k. sênadyan mêngkono ewadene.
suprèh: êngg. kn. suprih.
suprih: êngg. kn. kang dikarêpake (dituju), pamrih; [x]-e: supaya; di-[x]: 1 dipamrih, dimelik; 2 dipurih, dikon nandangi (tumandang).
sur: I mak [x] pc. katrangane mancur ut. ngêsokake; di-[x]-i kn: dicuri, disoki; di-[x]-ake: dicurake, disokake. II di-[x] kn: 1 (ut. di-[x]-ake) êngg. disugokake (ing gêni), diungalake (tmr. sumbu); 2 disuk gênti diênggoni, dirêbut ênggone (pangkate lsp).
sura: I kn. sasi kang kapisan. II êngg. kn: sarwa. III (S) kw: kêndêl, wani. IV (S) kw: 1 dewa; 2 (asura) dudu dewa (buta). V (S) kw. ak: singa. VI (S) kw. ak: arak, sajêng.
surabi: (S) kw. ak. wangi, arum.
suraduhita: (S) kw. ak. widadari.
suradhadhu: kn. prajurit.
suraga: kw. ak. bantal.
suragana: (S) kw. para dewa.
surak: kn. mbêngok giyak-giyak; di-[x]: dibêngoki sêru (kanthi giyak-giyak).
surakah: br. srakah.
surakarsa: kn. ar. prajurit ing Ngayogyakarta.
suraksa, suraksaka: (S) kw. ak. ngrêksa, pangrêksa.
suralaya, suraloka: (S) kw. kadewan, kayangan.
surambi: kn. srambi.
suranata: I (S) kw. ratuning dewa.II kn: abdi-dalêm mutihan ing kraton.
(surang): ke-[x]-[x] kn. kêtula-tula, tansah nandhang cilaka.
suranggakara: kw. kêndêl bangêt.
suranggana: (S) kw. widadari.
suraos: k. surasa.
surapada: (S) kw. kadewan, kayangan.
surapana: (S) kw. ak. arak, sajêng.
surapati: (S) kw. ratuning dewa.
surapsara: (S) kw. dewa; kc. apsara, sura.
--- 576 ---
surapsari ~ (susul).
surapsari: (S) kw. widadari; kc . apsari, sura.
surasa: I n. suraos k. têgês, maksuding layang, têtêmbungan lsp; di-[x]: digolèki surasane. II kw: nikmat, enak bangêt.
surastri: (S) kw. widadari.
surat: I (S) êngg. pc. layang; manurat kw: nulis. II (ut. surah) (A) kn: bab ing korän.
surata: I (S) kw. ak. sanggama. II (S) kw. ak: kakêndêlan.
surawadu: (S) kw. widadari.
surawara: (S) kw. dewa linuwih.
surawe: br. srawe.
surba: jênang [x] kn. jênang dicampuri cacahan iwak.

surjan: êngg. kn. ar. klambine wong lanang (gulune amba, ingarêp kaya nganggo klèncèr).
surèn: kn. ar. wit kayune dianggo balungan omah.
surèndra: (S) kw. ratuning dewa.
surèngpati: kw. 1 wani mati; 2 ar. dhapuring sumping.
surèngrana: 1 kw. kêndêl ing pêrang; 2 kn. ar. gêndhing.
surêm: kn. 1 suda sorote (padhange); 2 ora sumringah (tmr. polatan); burêng tmr. pangilon lsp.
surêtna: kw. 1 intên linuwih; 2 putri endah.
surga: kn. ak. swarga.
suri: kn. 1 êngg. jungkat; 2 êngg. sêrit; 3 peranganing panênunan wujude saèm. sêrit gêdhe; 4 rambut jaran; disurèni êngg: dijungkati, disêriti.
surya: I (S) kw. 1 srêngenge; 2 êngg. kn. tanggal (miturut petungan Eropah). II kw: rai; suryan ki: raup; pasuryan ki: praupan (rai).
suryakantha: kn. kaca bundêr sing bisa nglumpukake sorot (dianggo ndêlêng apa-apa supaya katon gêdhe, kacaning potrèt lsp).
suru: kn. 1 (lantaran ki) sendhok; 2 godhong gêdhang disuwir ditêkuk dianggo nyênyidhuk (kaya sendhok); 3 êngg. untu warak sing ngarêp; 4 ar. têtuwuhan bngs. ilat-baya (sok dianggo pagêr); kêpêngkok pagêr [x] pr: nêmu pakewuh; di-[x]: dicidhuk nganggo suru.
surud: 1 kn. nisih, mundur wêdi; 2 kn. suda tmr. banyu (banjir); 3 ki. mati, pati.
suruh: I n. sêdhah k. ar. têtuwuhan rambat godhonge dikinang; [x] ayu: suruh sing dianggo sajèn ut. dianggo sarating dhukun; grêgêt-grêgêt [x]: grêgêtên nanging ora kawêtu nêpsune. II di-[x]-i n. dipunsêdhahi k: 1 diulêmi, diundang dikon mèlu pista lsp; 2 diundang dijaluki tulung; [x]-an: 1 ak. kongkonan, utusan; 2 wong sing disuruhi; 3 sambatan.
surung: I kn. ar. iwak sêgara. II êngg. kn: (klambi [x]) klambi kurung. II di-[x] kn: disodhokake maju.
surup: n. sêrap, sêrêp k. 1 êngg. lêbu, manjing, mlêbu; 2 br. lumêbu ing, dêdalan sing mlêbu ing; 3 mlêbu ing tancêbing langit tmr. srêngenge; 4 wayah sore (srêngenge angslup); 5 omah ut. pakarangan (dianggo petungan), up. lêt têlung [x]; 6 kawruh, pangrêti marang; 7 ([x]-e n. sêrêpipun k) êngg. minangka dadi, dianggêp kaya; [x]-[x] n. sêrêp-sêrêp k: dianggêp kaya, prasasat dadi; di-[x]-i: 1 dilêboni, dipanjingi; 2 dianjing[10] (ditlêsêpi); 3 diudhoni rêmbug (gunêm lsp); 4 ditakêr manèh dicocogake bênêr lan orane; di-[x]-ake: 1 dilêbokake, diangslupake; 2 digutukake karo, dipetung minangka dadi; 3 dituduhake (dikandhani, diwèhi wêruh, dingrêtèkake); sêsurupan (sêsêrêpan k): 1 kawruh, pangrêti; 2 petung-petungan utang lsp; kc. sumurup.
suroh: êngg. suruh.
surtanah: kn. slamêtan wong sing mêntas mati; di-[x]: 1 dislamêti tmr. wong sing mêntas mati; 2 ks. wis mati.
surti: kn. ngati-ati sarta sêtiti; disurtèni: diopèni kanthi ngati-ati.

sus: (W) pc. kamar bolah.
susah: kn. ora kapenak atine dening nêmahi lêlakon sing ora nyênêngake; ora susah: ora prêlu, tanpa nganggo; di-[x]-i: disêdhihi; di-[x]-ake: disêdhihake.
susêtya: kw. sêtya tuhu.
susila: (S) kw. bêcik bêbudène (kalakuane); kasusilan: tata-pranataning kalakuan kang bêcik.
susu: I kn. 1 (prêmbayun ki) daging sing munggul ing dhadha; 2 êngg. pc. puhan; banyu [x] n. toya sêsêpan k: banyu sing mêtu saka ing susu (dadi ombèn-ombèning bayi); nusu n. nêsêp k: ngombe banyu susu (ing susu); disusoni n. dipunsêsêpi k: diombèni banyu susu (sarana ngakêp susu); suson n. sêsêpan k: (bayi) isih nusu. II di-[x]-[x] n. dipunsêsa-sêsa k: dikon enggal (rikat); kc. kêsusu.
susug: kn. ar. piranti misaya iwak wujude kaya icir nganggo garan.
susuh: kn. omahing manuk (tikus, bajing lsp) awujud gêgodhongan ut. rêrèncèkan; nusuh: manggon ing susuh, gawe susuh; di-[x]-i: dianggo nusuh.
susuhunan: kn. 1 pêpundhèn, sêsêmbahan; 2 sêsêbutaning panjênêngane nata ing Surakarta; kc. sunan.
susuk: I kn. 1 bngs. cèthok ut. wangkil (dianggo ngilangi sukêt lsp); 2 piranti dianggo ngolak-alik apa-apa sing digorèng; 3 dom êmas (waja, intên lsp) dilêbokake ing awak (mata lsp) sarana japa-mantra supaya kêdhot (katon bagus lsp); di-[x](-i): diilangi (diwalik, ditimpal) nganggo susuk; [x]-an: sidhataning kali, wangan. II kn: jujul (turahaning dhuwit sing dibayarake); di-[x]-i: dijujuli, diwènèhi susuk.
susuk kondhe: kn. sindiking gêlungan.
(susul): di-[x] kn. ditututi, diparani dikon bali (mulih); di-[x]-i: 1 kongkonan wong dikon nusul; 2 dikirimi layang manèh, diwuwuhi paturan (dianggo ngganêpi sing kurang); 3 diwuwuhi manèh (tmr. namnaman); [x]-an: 1 kang têka kari; 2 tambahan, paturan (katêrangan, [(kat...]
--- 577 ---
[...êrangan,] layang lsp) sing diwuwuhake minangka gêganêp.
susun ~ suwêngan.
susun: kn. sungsun.
(susung): kn. kc. sungsung.
(susup): nusup kn. nlusup, mlêbu (mbrobos); di-[x]-i: ditlusupi, dibrobosi, dilêboni; [x]-an: pandhêlikan.
susur: I êngg. kn. sêsêlan, ganjêl. II di-[x] êngg. kn: diusari malam supaya wulêd (tmr. bolah). III kn. panasar ki: têmbako sing dianggo mut-mutan ut. ngrêsiki dubang ing nalikane nginang; di-[x]-i: dimuti (dirêsiki) nganggo susur.
susut: I kn. 1 saya suda (kurang); 2 saya kuru (suda lêmune). II di-[x] êngg. kn: dilacak (nganggo asu).
susoh: êngg. kn. susuh.
suson: n. sêsêpan k. (bayi) isih nusu.
susra: ka-[x] kw. misuwur, kawêntar; kc. susrawa.

susrama: (S) kw. ak. kêndêl, gagah.
susrawa: (S) kw. ak. misuwur.
surusa: (S) kw. ak. mbangun-miturut.
susthu: (S) kw. ak. têmên, nyata, blaka.
sustêr: (W) kn. 1 wong wadon sing dadi ngulama (R.K.); 2 pc. dhukun bayi ut. juru ngrêksa wong lara (nyonyah Walanda).
sut: I kn. rêbut mênang sarana adu driji (jêmpol = gajah, panuding = wong, jênthik = sêmut). II di-[x]-ake kn: digêgasah dikon nglacak (tmr. asu).
suta: I (S) kw: anak; sêsuta: anak-anak. II (S) kw. ak: juru wuruk (kusir).
sutapa: (S) kw. pandhita (wong ulah tapa); kasutapan: kapandhitan.
suteja: (S) kw. ak. sumunar, sumorot, endah bangêt.
sutikna, sutiksna: (S) kw. ak. landhêp bangêt.
suthustha: (S) kw. ak. bungah bangêt.
sutra: kn. ar. bakal alus (asal saka lamating ulêr).
sutrêpta: (S) kw. ak. sênêng (marêm) bangêt.
sutri: kn. bngs. rante (tampar) sing kumalung têrus ing wêtêng (abah-abah jaran).
suci: kn. 1 rêsik; 2 rêsik bêbudène (utama uripe sarta tansah ngèstokake wêwarahing agama); sêsuci: rêrêsik (adus lsp); disucèni: dirêsiki, didusi (tmr. mayit).
suthang: kn. 1 sikil buri (jangkrik, gangsir lsp); 2 ks. sikil (tangan).
suthik: kn. ora gêlêm, sungkan.
suthil: êngg. kn. bngs. solèt.
suthing: êngg. pc. suthik.
suthup: kn. ciyut sêmu pêndul tmr. mata.
suthur: êngg. kn. suthup.
suwa: kn. ada-adaning duk sok digawe kalam.
suwab: êngg. kn. bêsêl, ruba; kc. suwap.
suwadi: n. suwados k. kc. sawadi.
suwak: I kn. suwèk; di-[x]: 1 disuwèk; 2 diilangi (ora nganggo) tmr. pranatan, pangkat lsp; 3 dicabut tmr. piagêm lsp; 4 êngg. disuwuk, diwurungake, dibubarake. II êngg. kn: uwa.
suwakan: kn. blumbangan pinggir kali (kalèn) dianggo ngingu iwak; ngubak-ubak [x]-e dhewe pr: gawe rusuhing wêwêngkone dhewe; kc. siwakan.
suwal: I êngg. kn. kathok cêkak; kc. sruwal. II kn: pitakon, prakara sing dadi pitakon (rêmbug); di-[x]: ditakoni, ditètèr kawruhe sarana pitakon; [x]-an: pitakonan (ing ngèlmu etung lsp).
suwala: kw. 1 bangga, ora miturut; 2 nglawan, kêrêngan; disuwalani: dilawan; kc. sawala.
suwalapatra: kw. layang.
suwan: I kn. linggis kayu (dianggo dhudhuk-dhudhuk). II êngg. kn: uwa; kc. suwak.
suwanda: kw. awak, wandha.
suwandagni: kw. srêngenge.

suwantên: êngg. k: suwara.
suwang: i kn. 1 wang (10 dhuwit = ± 8½ sèn). II di-[x] êngg. kn: dibuwang.
suwangan: kn. sungapaning kali.
suwau: kw. mau, biyèn; kc. wau.
suwaos: êngg. k. suwasa.
suwap: êngg. kn. loloh; di-[x]; diloloh; kc. suwab.
suwara: kn. swara.
(suwarat): di-[x](ake) êngg. kn. diundhangake tmr. dhawuh lsp.
suwarga: n. suwargi k. kc. swarga.
suwari: kn. ar. manuk (bngs. manuk unta).
suwarna: (S) kw. 1 êmas; 2 endah bangêt.
suwasa: kn. ar. logam campurane wêsi, kuningan karo timah (warnane kaya êmas).
suwat-suwut: kn. njêjupuk (nyolong) rêrikatan.
suwawa, suwawi: kw. 1 babag, timbang; 2 pantês, patut; di-[x]: dilawan, ditandhingi.
suwawi: k. 1 ayo; 2 ênya; disuwawèni êngg. kn: dirujuki, dimupakati.
suwe: n. dangu k. 1 dawa tmr. wêktu, kb. sadhela; 2 lawas tmr. wêktu kang kapungkur; [x]-[x]: sêlot-sêlote, saya suwe saya; disêsuwe, disuwèni: dirêrêndhe supaya suwe; suwèn-suwèn: nganti suwe.
suweda: kw. driji.
suwèk: kn. 1 sêmbrèt, bêdhah dawa, suwir; 2 (barang [x]) barang sêmbêt sing wis kanggo; di-[x]: disêmbrèt, dibêdhah dawa; [x]-an: apa-apa sing wis suwèk (disuwèk).
suwèni: udan [x] kn. udan kaworan angin; kc. sinêmèni.
suwèntêr: kn. ucêng-ucêng mriyêm.
suwerung: tukang [x] kn. wong sing nyambut kawe rêndhêt sarta groboh.
suwêg: kn. ar. têtuwuhan sing bêndholane oyod enak dipangan.
(suwêl): di-[x]-ake kn. 1 dilêbokake ing kandhutan (kanthongan lsp); 2 ditêkuk sarta dilunthung tmr. jarit lsp; kc. bêsuwêl.
suwêng: I n. sêngkang k. rêrêngganing kuping (cêplik, krabu lsp); di-[x]: diênggoni suwêng; [x]-an: nganggo suwêng; kasèp lalu wong mêtêng sêsuwêngan pr. wis kasèp bangêt. II k: suwung.
--- 578 ---
suwidak ~ (sokong).
suwidak: kn. 60.
suwignya: kw. pintêr bangêt.
suwike: (C) pc. iwak kodhok ijo.
suwing: kn. 1 suwèk, suwir; 2 suwèk lambene dhuwur.
suwir: kn. 1 suwèk dawa; 2 suwèk nganti mujudake sêbitan dawa; di-[x]-i: disuwèki nganti mujudake sêbitan cilik-cilik (godhong lsp).
suwit: pc. pêpindhaning swarane sêmpritan lsp.
suwita: (S) kw. ngèngèr, ngabdi; disuwitani: dingèngèri.
suwiwi: kn. êlaring manuk (sing dianggo mabur).

suwuk: kn. 1 lèrèn tmr. gamêlan; 2 êngg. ora sida, wurung (ora ditêrusake); 3 japa-mantra sing disêbulake ing êmbun-êmbunan (tulak lêlara lsp); di-[x]: 1 disirêp (diêndhêgake) tmr. gamêlan; 2 diwurungake, disuwak; 3 dijapani sarta disêbul êmbun-êmbunane; di-[x]-ake: digawa marang dhukun supaya disuwuk; [x]-an: rêricikaning gamêlan sisihane gong.
suwul: êngg. kn. 1 sindik wêsi ing ulap-ulaping pêthèl; 2 sêsêlan ing untu sing krowok.
(suwun): I di-[x] êngg. kn. disunggi; [x]-an êngg: 1 wuwungan; 2 gombal lsp. ganjêl êndhas yèn pinuju nyênyunggi; kc. suhun. II di-[x] ki: dijaluk; di-[x]-ake: dijalukake; ka-[x] êngg: matur nuwun; kc. nuwun.
suwung: n. suwêng k. 1 ora didunungi ing wong (omah, desa lsp); 2 êngg. kothong, tanpa isi; 3 tanpa ngèlmu (sêsurupan, kawruh lsp); 4 ora ana dinane sing bêcik tmr. sasi; 5 ora ana, ora apa-apa; 6 (wis [x]) wis tanpa sêja nandhakake yèn wis ndungkap mati; di-[x]-ake: ditinggal lunga nganti suwung tmr. omah, panggonan lsp.
suwur: kn. pawarta sing sumêbar; di-[x]-ake: diwartak-wartakake; ke-[x]: kalok, kondhang, kawêntar.
suwu: I êngg. kn. bathok lsp. dianggo ngrata (ngêlus) salêraning lawe sing arêp ditênun. II di-[x] kn: disaut; kc. suwat-suwut.
suwolo: êngg. kn. êmoh, lênggana.
(suwot): di-[x] kn. disuwut, disaut.
so: kn. 1 wit mlinjo; 2 godhong mlinjo sing ênom.
sob: pc. surud tmr. banyu; kc. sop.
sobat: êngg. pc. kanca, mitra.
sobèk: êngg. kn. 1 suwèk; 2 cilaka.
sobita: (S) kw. ak. endah bangêt.
sobyung: kn. ar. dolanan bocah (padha ngêgarake tangan banjur diwilang; janak, dêng (bandêng), urang, kèpêr.
soblugan: dandang [x] êngg. kn. dandang sambogên.
sobong: êngg. kn. 1 sênthongan; 2 omah (kanggo ngêsorake).
sobrah: kn. 1 oyod sing pating srawe kaya gombyok; 2 êngg. rêrêngganing pangantèn wadon kaêtrap ing êndhas.
sodok: êngg. rada.
sodor: kn. tumbak nganggo jêbêng (dianggo watangan); di-[x]: ditumbak ing sodor, dijojoh ing gèntèr lsp; [x]-an: watangan.
sojah: kn. ndhungkluk ngurmati (sêmbahyang) tmr. bangsa Cina.
sojar: êngg. kn. 1 ngandhakake kandhaning liyan; 2 kw. sandika, iya; sêsojar êngg: omong, gunêman.
sodhèr: I êngg. kn. sondhèr. II êngg. kn: patri; di-[x]: dipatri.
sodhog: êngg. kn. wluku (ing patêbon); di-[x] êngg: dijotos (diantêm).
(sodhok): di-[x](-ake) kn. diajokake sarana didhêsuk (disêdul lsp).
soe: êngg. pc. sêbêl,siyal.
(sog): di-[x]-ake êngg. disèlèhake; kc. sogsog.

soga: kn. 1 ar. wit sing klikane dianggo ngabang jarit; 2 godhoganing klika lsp. sing dianggo ngabang jarit; di-[x]: diabang nganggo soga (tmr. jarit); sogan: 1 kang wis disoga; 2 warna abang kaya soga.
sogat: êngg. k. suguh.
sugata: I kc. sugata. II kc. sewa-sogata.
sogèl: pari [x] êngg. pari genjah.
soglèng: (-an) kn. sêmèn ing antarane godhong karo wit (tmr. têmbako); di-[x]-i pc: dipêthiki soglêngane.
sogok: I kn. 1 apa-apa sing rada dawa dianggo ndudul, nyêdul lsp; 2 êngg. kunci, sosi; [x] untu: 1 biting lsp. dianggo nyuthiki rêrêgêd ing untu; 2 nyuthiki rêrêgêding untu; di-[x]: 1 didudul (disêdul lsp) nganggo sogok; 2 dibukak nganggo kunci (sisi);[11] 3 (ut. di-[x]-i êngg. ditêtangi atine, dibêbolèhi, digêgasah. II êngg. kn: bêngis, songol.
sogolan: kn. sêmèn, trubusan.
(sogsog): di-[x] kn. dicakari (digrauki) sêru tmr. rambut (karêbèn mari ngêlu).
soyi: kn. badhut, banyolan.
sok: I n. asring k. ing kala-mangsa, up. [x] têkane mrene; [x] uga ([x] ugi k), [x] anaa ([x] wontêna k): anggêre, janji; [x] ngonoa, [x] mêngkonoa ([x] makatêna k): (dadi) yèn mêngkono; [x] wonga lsp. ([x] tiyanga lsp); sabên (anggêr) wong lsp. II kn: katêranganing barang sing wutah; [x] glogok (glogok [x]): 1 ngujar-ujari nganggo têmbung sing ora patut; 2 dikandhakake (diwalèhake) kabèh; di-[x]-(ake): 1 diiling (diwutahake) ing; 2 dibayarake marang (pajêg lsp); di-[x]-i: 1 diilingi, diwutahi; 2 dibayari; kc. sok.
soka: I kn. ar. wit (kc. angsoka). II (S) kw. ak: susah, prihatin.
sok-an: pc. sok (asring).
soke: êngg. supaya, nganti.
soklat: kn. ar. panganan (bubukan) asal saka wohe wit sing aran soklat.
sokur: (A) kn. 1 (ngucap [x]) matur nuwun; 2 ([x] bage) dipuji bisaa, bêgja bangêt yèn; 3 (ut. sukurlah kamdulilah) pc. têmbung sabawa nelakake sênêng dene wong liya nêmahi sangsara lsp; di-[x]-ake: diêlokake sokur !
(sokong): di-[x] êngg. pc. dipitulungi (dhuwit lsp); [x]-an: pitulungan.
--- 579 ---
sokotêng ~ sorah.
sokotêng: (C) kn. ar. wedang nganggo ampas kacang lsp.
soksi: êngg. kn. kunci.
soksokan: kn. 1 pasokan, bayaran; 2 kaya disokake, akèh bangêt; kc. sok.
sol: kn. rubuh rungkad oyode; di-[x]: 1 (ut. di-[x]-ake) dirungkadake; 2 êngg. didhêsêk.
solah: kn. obahing badan, pratingkah; di-[x]-ake: diobahake, dipolahake.
solah-bawa: kn. tandang-tanduk, pratingkah.
solah-tênaga: kn. solah-tingkah.

solah-tingkah: kn. tandang-tanduk, kalakuan.
solan-salin: n. sontan-santun k. gonta-ganti, tansah (kêrêp) salin; kc. salin.
solèd: kn. 1 wilah sing dianggo ngudhêg liwêt; 2 ks. kêris.
solo: I pc. kc. suwolo. II sêsolo êngg. kn. njaluk tulung (palilah).
solung: êngg. kn. pambarêp, sing dhisik; kc. sulung.
solok: (-an) êngg. kn. kalèn, kalènan; kc. slokan.
solor: êngg. kn. panging têtuwuhan rambat (nlosor, pêpulêtan); kc. sulur.
solot: êngg. kn. mêmpêng, kêndêl.
som: êngg. kn. mlayu jangkahe amba sêmu nganggo mumbul-mumbul (dolanan bocah).
soma: (S) kw. 1 rêmbulan; 2 Sênèn.
somah: n. semah k. 1 bojo; 2 (ut. [x]-an) brayat (dianggo petungan, up. rong [x]); sêsomahan: bêbojoan.
sombèng: êngg. kn. suwèk.
sombong: êngg. kn. umuk; kc. sumbung.
(sompang): sêsompang êngg. kn. sênthong.
sompèl: kn. sêmpèl, cowèl.
sompèt: êngg. kn. bngs. kêba (kampil).
sompil: êngg. kn. bngs. kece; 2 (kupat [x]) kupat diwangun maju têlu dibuntêl ing godhong pring.
sompok: kn. 1 rupêk, ora kobèt; 2 wis sêsêk bangêt wêktune, kêsusu; 3 rompok (gubug ut. omah cilik); 4 (bako [x]) êngg. godhong têmbako sing ala; di-[x]-ake: dipêngkokake, dirupak (dipèpèdake); ke-[x]: 1 kêpèpèd (dumunung ing papan sing sompok); 2 kêpêngkok.
sona: (S) kw. asu.
sondhèl: ora [x] êngg. pc. ks. ora butuh, ora sudi.
sondhèr: kn. sampur kanggo njogèd ditalèkake ing bangkekan; (sê-) [x]-an: nganggo sondhèr.
sondhêr, sondêr: (W) pc. tanpa.
sondhul: êngg. kn. sundhul.
(sondhol): di-[x] kn. didhêsuk (dipadal) saka ingisor; kc. sundhul.
sondhong: êngg. kn. gèntêr pucuke ditrapi tenggok dianggo ngundhuh wowohan; kc. sundhung.
sontak: êngg. kn. ajur, rêmuk.
sontên: k. sore.
(sontok): di-[x] kn. 1 disêntèg (disêdul, disodhok) bantêr; 2 êngg. dijotos, digoco, disongkol.
sontong: kn. iwak mangsi (srotong).
sontrot: kn. sêrating wowohan (tela-kaspa, pêlêm lsp).
sontèk: êngg. kn. ajur, rêmuk.
song: I kn. rong gêdhe (growongan) ing pinggir kali, jurang lsp. II kw. ak: aub, payung; di-[x]-i: diaubi, diayomi; kc. songsong.
songa: kn. bolah sutra.
songar: kn. sugih omong kang ora nyata sarta umuk-umukan; sêsongaran: ujar ut. patrap umuk-umukan.

songgèk, songgèt: êngg. kn. sènggèt.
songglèngan: pc. soglèng(-an).
songgo, songgom: êngg. kn. pring ing pucuke ditrapi sosog (nam-naman pring) dianggo wadhah kêndhi ut. dupa.
songkèl: èngg. kn. bngs. linggis (kayu pucuke wêsi); di-[x]: 1 disongkèl, diungkil; 2 pc. ditundhung dikon ngalih (lunga).
songkèt: kn. bakal sing disulam ing bênang mas; di-[x]: disulam ing bênang mas.
songkil: êngg. kn. songkèl.
(songkob): di-[x]-ake kn. (rambute) dikrêmbyahake ing rai (bathuk).
songkok: kn. 1 tudhung sing digawe bludru ing buri nganggo tèbèng (ewone panganggo kaprajuritan); 2 êngg. tudhung pacul gowang; [x]-an: nganggo songkok.
(songkol): di-[x] kn. diantêm, dijotos; [x]-an: jotosan.
songkop: êngg. kn. sosog, sondhong.
songkro: pc. wis tuwa bangêt, rusak bangêt.
songol: kn. sêntak sarta kasar (gunêman).
songot: êngg. kn. kiyêng, gothot.
songsong: ki. payung.
sonya: kw. suwung, sêpi; kc. sunya.
sonyaruri: kw. kc. sunyaruri.
(sonyok): di-[x] êngg. kn. dinyunyuk.
sop: I kn. surud (tmr. banyu, banjir). II (W) kn: ar. jangan sing digawe duduh iwak; di-[x]: diolah sop.
(sopak): di-[x] kn. disambungi (dianjingi) minangka pikukuh (gêgêntine sing wis putung); [x]-an: 1 kang disopak, sambungan, untu palsu; 2 pc. ora murni, dudu panêmune dhewe.
sopal: kn. alèn-alèn rêrêngganing tumbak.
sopan: êngg. pc. wêruh ing tata-krama.
sopana: (S) kw. 1 ambal, undhak-undhakan; 2 dalan, dêdalan.
sopi: I kn. arak, inuman kêras; [x] manis: ar. inuman kêras rasane rada lêgi; [x] putih: jênèwêr. II êngg. kn: gêndul wangun pêsagi; kc. kopi.
sopir: kn. tukang nglakokake montor.
sor: I kw. 1 ingisor; 2 sangisore; 3 kalah; di-[x]-ake: dirèmèhake; kc. asor, kasor, ngisor. II mak [x] pc. mancur bantêr; di-[x]-ake êngg: dicurake.
sora: kn. sêru (tmr. swara).
sorah: kn. 1 ak. gêgambaran, pêpindhan, pasêmon; 2 kandha, andharaning crita lsp;
--- 580 ---
sêsorah: crita ngandharake sawijining bab, mêdhar sabda; di-[x]-i ak: dipituturi (kanthi pasêmon, pêpindhan lsp); di-[x]-ake: diandharake, dicritakake.
sore ~ srados.
sore: n. sontên k. 1 wayah ing antarane jam 3 - 6; 2 wayah wiwit suruping srêngenge têkan ± jam 10; 3 êngg. wingi; sa-[x] bêndhe pc:

sasuwene wayah sore (têkan ing wayah sore); lagi [x] èntèh pc: isih sore; kêsorèn: kasèp nganti ing wayah sore; sorèn-sorènan: ing wayah sore bae (rada sore).
sorèng: kumidhi [x] kn. tontonan ngebarake kaprigêlan (njêngkêlit, mlaku njungkir lsp).
sori: kw. ratu putri, pramèswari.
(soro): sêsoro êngg. kn. omah (èmpèr) ngarêp.
sorog: I kn. 1 kunci, sosi; 2 (ut. [x]-an) êngg. pisungsung marang dhêdhuwurane (supaya olèh sih ut. ing nalikane mantokake anake lsp); di-[x]: 1 dibukak (diêngakake) nganggo kunci; 2 êngg. diwènèhi sorogan (pisungsung); 3 dienggalake laire sarana diombèni jamu (wong mêtêng); 4 disêngkakake matênge srana rêrekan (tmr. durèn dikum, nangka dipantèk bontose pênêr gagang); 5 (-ing layang) dikirimi layang (surasane awèh pêpeling lsp); 6 disalini wilahane (tmr. gambang pelog yèn arêp ganti laras); [x]-an: 1 êngg. lorogan, lèrègan; 2 êngg. slorokan; 3 (jamu [x]-an) jamu dianggo ngenggalake laire wêtêngan; 4 matênge sarana rêrekan (durèn, nangka); 5 (layang [x]-an) layang pêpeling lsp; 6 wilahan gambang pelog sadhiyan kanggo nyalini, yèn ganti laras; 7 katêrangan ing layang (buku) kang mratelakake bab-bab apa dene kaca sing kasêbut ing sajroning buku mau; 8 (ngèlmu [x]) kawruh nyumurupi prakara-prakara sing gaib (sing bakal kêlakon lsp). II êngg. kn: sorok.
soroh: kn. 1 masrahake (mènèhake); 2 ([x] barang) mènèhake dhuwite lan barang darbèke (tmr. wong wadon supaya olèh bojo); di-[x]-ake: diwènèhake, dipasrahake; di-[x]-[x]-ake: ditawak-tawakake supaya diêpèka (dianggoa).
sorok: kn. 1 sigaran pring (kayu) malang didokoki garan dawa dianggo ngrêsiki uwuh lsp. (disurungake); 2 ar. piranti dianggo ngrauki dhuwit, gêni lsp; di-[x]-(i): dirêsiki (dirauk, digaruk lsp) nganggo sorok.
sorong: klambi [x] êngg. klambi kurung; kc. surung.
sorot: I kn. 1 pêpadhang kang sumirat (sumunar); 2 (gambar [x], kumidhi [x]) bioskup; 3 (gambar [x]) ak. potrèt; 4 (diyan [x]) diyan corong; di-[x]-i: disunari (ditibani sorot). II di-[x]-i kn: diêlêbi (diilèni) banyu (tmr. sawah); di-[x]-ake: diilèkake ing sawah; sawah [x]-an: sawah sing olèh banyu saka ing wangan (kalèn).
sosi: (C) êngg. kn. sorog, kunci.
sosis: kn. ar. panganan (lêlawuhan).
soso: êngg. kn. 1 kasar (tandang-tanduke lan pangucape); 2 groyok sarta sarwa kêsusu (tmr. gunêman); [x] ulon: wicara (gunêman) kasar.
sosog: I kn. nam-naman pring (saèm. tenggok, kranjangan) digarani dianggo wadhah patarangan, kêndhi ut. dupa; kc. songgom. II di-[x] kn: disogok, disodhok) nganggo sapu, obor lsp; di-[x] ing ujar br: diunèn-unèni nganggo têmbung kasar. III di-[x]-ake êngg: disèlèhake, didokokake.
(sosoh): di-[x] kn. dirêsiki (diputihake, diilangi kulite) sarana ditutu ing lumpang (tmr. bêras, lsp).

sosol: êngg. kn. groyok, soso.
sosor: kn. cocor; di-[x]: dicucuk nganggo sosor; kc. cocor.
sosoran: kn. karerehan; kc. sor-soran.
(sosot): di-[x]([x])-ake kn. diunèk-unèkake (dipisuhi lsp).
sot: I êngg. kn. uwal, mrucut, ucul; di-[x]-ake: diuwalake, diculake. II kw: pangajab ala (supaya salah kêdadèn, kêna wêwêlak lsp); di-[x]-ake: disupatani, diajap supaya salah kêdadèn.
sota: kw. ([x]-ning ati) pangrasaning ati, gagasan.
sotah: kw. sudi; ora [x]: ora sudi.
sote: (-ne), sotèn êngg. 1 luwih-luwih, luwih manèh; 2 mula pancèn; 3 kambi, sêmbari.
sotèr, sotir: ora [x] pc. ks. ora sudi, êmoh; kc. sotah.
soto: kn. saoto.
sotya: kw. 1 intên; 2 (ut. sêsotya) intên (warna-warna); disotyani: dipatik ing intên; kc. soca.
soca: I kw. 1 intên; 2 ki. mata; 3 kn. mataning ali-ali. II kn: 1 blêntong irêng ing kayu tilas pang; 2 calon pang ing wit (pring, têbu); 3 pc. cacad. III disocani, disotyani kw: disucèni, dirêsiki (diraupi lsp).
sothal-sothil: pc. mlarat bangêt sandhangane paring sranthil.
sothil: êngg. kn. susuk pring ut. wêsi dianggo ngolak-alik gorèngan.
(sotho): di-[x] kn. dijotos (traping tangan digèpèngake ênggone namakake disodhokake).
sowak: pc. suwak.
sowan: 1 k. seba; 2 mara mênyang ing omahe dhêdhuwuran (priyayi gêdhe).
(sowang): [x]-[x](-an) kn. dhewe-dhewe, pilah-pilah (pêpisahan).
sowangan êngg. kn. 1 sêndarèn; 2 bngs. sêmpritan.
sowe: I êngg. pc. siyal, sêbêl, kojur. II kw. ak: suwe.
sraba: kw. swara; tanpa [x](-[x]) kn: tanpa ana swarane, ora nganggo gunêman (nêmbung lsp); disrabani: diajak omong (didongani lsp) tmr. lêlêmbut.
srabat: êngg. kn. donga panulak.
srabedan: kw. pêpenginan (pakarêman) ala.
srabudan: kn. tanpa nganggo pilih-pilih (kabèh ditandangi, didagang lsp).
srada, sradan, sradi: êngg. rada.
srados: êngg. k. sraya.
--- 581 ---
sragdhara ~ srèwèh.
sragdhara: kw. ar. têmbang gêdhe.
srag-srog: kn. padha têka (linggih, disèlèhake lsp) tumruntun.
srah: kw. pasrah; di-[x]-i: dipasrahi; kc. asrah, pasrah.
srah-srahan: kn. 1 pasrah-pasrahan; 2 sasrahan.
sraya: êngg. kn. bantu, pitulungan; di-[x]: disambat, dijaluki bantu (pitulungan); disrayakake: ditindakake kalawan sêsambatan; srayan: 1 sambatan; 2 bêbarêngan tumandang; kc. rêsaya.

srakah: I kn. kumudu-kudu olèh akèh, murka. II. kn: dhuwit wragading ningkahan.
srak-srèk: pc. pêpindhan swaraning barang sing gêgosokan.
srama: I kn. 1 pawèwèh (atur-atur) marang dhêdhuwuran; 2 pawèwèh marang wong sing duwe sawah (nunggal laras karo sewa, ut. parining panenan); [x] sawah: nyewa sawah nganggo srama; disramani: diwènèhi srama; disramakake: disewakake kanthi srama (tmr. sawah). II (S) kw: patapan, padhepokan; sêsrama: dhêdhepok, gawe patapan.
(srambah): di-[x](-i) kn. dicaki, diwratani (kabèh tanpa giliran, dianggo lsp); [x]-an ak: kêna dianggo apa-apa; kc. ambah, kêsrambah.
srambi: pc. surambi.
srambu: êngg. kn. klambu.
srambung: pating [x] pc. akèh sambungane; kc. sambung.
srampad: I kn. tampar nganggo kolongan dianggo pancadan mènèk. II di-[x] êngg. kn: dikênani perangane sing dhuwur; kc. srèmpèd.
(srampang): di-[x] kn. disawat ing lêlandhêp (arit lsp) sing dilarapake njlèmpèr.
srana: kn. kc. sarana.
srandu: I ([x] ning awak) kn. awak sakojur. II di-[x] êngg. kn: dicêcênggring, diewani.
srandhal: êngg. pc. sandhal.
srandhul: êngg. kn. ar. tontonan barangan (saèm. wayang wong).
srani: êngg. kn. Kristên; disranèkake: didadèkake Kristên.
sranta: kn. (ora [x]) (ora) sabar, (ora) sarèh; ora srantanan: ora bisa sabar (sarwa kêsusu); kc. sranti.
sranti, srantèn: n. srantosan k. (ora [x]) (ora) bisa sabar; disrantèkake n. dipunsrantosakên k: disabarake, diêntèni kalawan sabar.
sranthal: pc. jranthal.
sranthil: pating [x] pc. padha amoh tmr. sandhangan; nyranthil pc: mlarat bangêt.
srang: kw. nêmpuh, nrajang; kc. sêrang.
srang-srangan: êngg. kn. kêsusu, ora srantèn.
srang-srèng: pc. pêpindhan swaraning wong nggêgorèng.
srapat: I di-[x] kn. 1 disrèmpèd; 2 disipat, diincêng; garis [x]: garis srèmpèdan (sing nggêpok cakran); [x]-an: 1 kang disrapat; 2 didêlêng (digêpok lsp) ora kalawan diêmên-êmênake. II kn: ([x]-e) rupa ut. wanguning praèn didêlêng satleraman, sêmune kaya; di-[x]: didêlêng satleraman, dikira-kira sarana didêlêng pasêmone (rupane, wangune).
srasah: kn. apa-apa sing dianggo nglapis (ngrangkêpi); di-[x]: 1 dilapis, ditrapi srasah; 2 ditrapi blabag lsp. tmr. jrambah lsp.
(srasèh): di-[x]-ake kn. disêmantakake, dijalukake rêmbug; [x]-an: rêrêmbugan, kumpulan ngrêmbug sawijining bab (prakara).
srat: br. sêrat.
srati: kn. tukang ngupakara (nuntun, ngusiri) gajah; disratèni: diladèni (diêmong) kanthi diturut kêkarêpane; (angèl, gampang) sratèn-sratènane: (gampang, angèl)[12] anggone ngladèni (ngêmong).
sraton: êngg. kn. galak, brangasan.

srawa: kw. ak. sraba.
srawana: (S) kw. mangsa kasa (kang kapisan).
(srawat): di-[x] êngg. kn. disawat.
srawe: pating [x], [x]-an kn. 1 katon krêmbyah-krêmbyah (rawe-rawe); 2 padha obah-obah kumlawe tangane, padha ngawe-awe.
srawing: kn. bngs. tèbèng dianggo aling-aling supaya aja tampu.
srawung: 1 kw. barung; 2 (ut. [x]-an) kn. wis tau têpung (lêlayanan); di-[x]-i: 1 kw. dibarung ing, dibarêngi; 2 kn. ditêpungi, dikumpuli; sêsrawungan, pasrawungan: têtêpungan, têtunggalan (woworan karo wong-wong akèh).
srèi: kn. drêngki, kumudu-kudu njaluk mênang.
sreyag-srèyèg: êngg. pc. pating sêngkèyèg.
srèk: mak [x] pc. pêpindhan swaraning barang gêgosokan (trumpah lsp).
(srekal): di-[x] kn. 1 dicêngkolong, diplèsèdake têtêmbungane (sajroning pêpadon, bantah-bantahan); 2 êngg. diala-ala, dicatur ala; [x]-an: têtêmbungan sing dianggo nyrekal.
srekat desa: êngg. pangrèhing desa.
srembong: pating [x] kn. pating slêmbrèh ora karuwan tmr. manganggo, bêbêdan lsp.
srempang: pc. slempang.
(srèmpèd): di-[x] kn. 1 digêpok (dikênani) sathithik, disrampad; 2 pc. dipêpiringi, disrêngêni (dituturi) mung digêpok sathithik-sathithik; 3 pc. disilih sadhela; [x]-an: 1 srapatan; 2 (garis -) garis kang nggêpok cakran; 3 pc. apa-apa sing mung digêpok sathithik. II mêrcon [x] kn: mêrcon panahan.
srengat: pc. sarengat; owah [x]-e ks. edan.
srèpèt: 1 mak [x] pc. katêrangan panariking kêris lsp; 2 êngg. lara enc.
srèsèh: kn. sumanak sarta sumèh.
srewat-srewot: kn. grusa-grusu tandange.
srèwèh: pating [x] pc. katon padha mili pêpêncaran; [x]-an: ilèn-ilèn banyu kang mêtu ing bêdhahan (bolongan).
--- 582 ---
srèngkad-srèngkod ~ srisig.
srèngkad-srèngkod: kn. mengkat-mengkot, sajak ora kajat.
srêba: êngg. pc. sarwa.
srêban: kn. sêrban, tulban.
srêbat: kn. sêrbat.
srêbèt: kn. kc. sêrbèt.
srêbêd-srêbêd: kn. 1 (swara) sumiliring angin; 2 swaraning jarit (yèn dianggo mlaku).
srêda: kw. ak. 1 ngandêl, pitaya; 2 sudi.
srêdu: kn. ak. sarju, kêsdu.
srêg: êngg. kn. 1 katêranganing linggih; 2 trêp, wis cocog bangêt, wis mungguh.

srêgêp: kn. tabêri, kanthi mêmpêng sarta tlatèn; di-[x]-i: ditabêrèni, ditlatèni.
srêmêt: êngg. kn. 1 tikus lan kewan liyane sing dadi ama; 2 pc. wong sing dhêmên nyênyolong; dipangan [x] pc: ilang marga dicolong.
srêming-srêming: I (krungu-) pc. krungu kabar angin. II pc: rada mbrêgènggèng.
srêmpal: pating [x] pc. padha sêmpal, padha suwèk tmr. sandhangan.
(srêmpêng): di-[x] kn. digêlak kalawan mêmpêng (ngêtog kakuwatan).
(srêmpil): di-[x] kn. 1 dicuwil (dilongi, disuda) sathithik; 2 pc. anak kang mêtu saka sêlir pêtêng lsp.
srêmplah: pating [x] pc. padha suwèk pating krêmbyah.
srênit, srênut: pating [x] pc. krasa sênit-sênit (sênut-sênut).
srêntêg: kn. sêdhêngan dêdêg-piyadêge (tmr. wong wadon).
srênti: kn. ora bêbarêngan têkane (wêtune lsp).
srêntos: êngg. k. srênti.
srênthit: pating [x] pc. padha nywara sênthit (sêmpritan lsp).
srêng: kw. sêrêng.
srêngenge: kn. bundêran kaya bumi sing dadi tuking padhang lan panas ing wayah awan; pandêngan karo [x] pr: mêmungsuhan karo wong kuwasa.
srêngên: kn. 1 ak. nêpsu; 2 (ut. nyrêngêni) kn ndukani ki: mituturi sarana têmbung sêrêng.
srêngga: (S) kw. ak. pucuk, puncak, sungu.
srênggala: kw. asu, asu ajag.
srênggara: (S) kw. pangungrum, pamalat sih; di-[x]: dingungrum, dirêrêmih; di-[x] macan: 1 dipêksa, dirêbut kanthi pêksa; 2 digêrtak.
srênggi: (S) kw. 1 gunung; 2 sapi.
srêngkara: kw. ak. ngalamating nagara kang arêp rusak.
srêp: I pc. adhêm. II kc. sêrêp.
srêpan: kn. gangsar, olehan (yèn mancing lsp).
srêpêgan: kn. ar. gêndhing saèm. ayak-ayakan sêsêg.
srêsêp: pating [x] pc. padha sumêsêp (nlêsêp).
sri: (S) kw. 1 sorot, cahya; 2 endah bangêt; 3 kanggo sêsêbutan atêgês sing minulya (luhur); 4 ratu; kc. asri.
sriawan, sriyawan: kn. ar. jamu dianggo tamba lara mêjên.
sribid-sribid: êngg. kn. sumilir tmr. angin.
sribombok: kn. ar. manuk saba ing banyu.
sridanta, sridênta: kw. srigadhing.
srigadhing: kn. ar. kêmbang.
srigak: kn. sarwa cukat tandang-tanduke (ora sêmu aras-arasên).
sriging: êngg. kn. bngs. icir cilik.
srigunting: êngg. kn. ar. manuk; [x]-ên: ora rampak tmr. tulisan.
srigunggu: kn. ar. têtuwuhan.
sriya: (S) kw. ak. rêja, bêgja.
sriyaban: êngg. kn. klayaban.
(sriyat): di-[x]-i kn. disajèni (kanggo têtulak); [x]-an: sarana dianggo têtulak.

srikaya: kn. ar. wit sarta wohe; kêtan [x]: kêtan diadoni juruh; wedang [x]: wedang dicampuri kêtan.
srikat-srikut, srikutan: kn. srawean tangane.
srikawin: kn. dhuwit pawèwèh marang pangantèn wadon.
(srikêp): di-[x] êngg. kn. didêkêp ing wayah bêngi (tmr. manuk).
srikuning: kn. ar. pari.
srilak: kn. (sêdulur-) sêdulur tunggal suson.
srilara: n. srisakit k. bangke sing sumèlèh saênggon-ênggon.
srimaya: (S) kw. ak. endah bangêt.
srimanganti, srimênganti: kn. ar. regol (plataran, bangsal) sangarêping kraton.
srimangêpêl: kn. sikile ngarêp putih (tmr. jaran).
srimbit: pc. sarimbit.
srimpak: êngg. kn. tlundhag lawang.
(srimpêd): di-[x](i) kn. digubêd (dijegung) ing tali lsp. (tmr. sikil); ke-[x]: 1 (sikile) kêjegung ing tali lsp; 2 pc. kêna ing alangan lsp.
srimpi: kn. lêlangên jogèd sing njogèd wong wadon cacahe 4 ut. 5; srimpèn: lêlangên njogèdake srimpi.
srimpung: kn. tali (tampar) dianggo nalèni sikil; srimpang-srimpung, srimpungan: jangkahe ciyut marga ênggone bêbêdan (tapihan) singsêt; di-[x]: ditalèni sikile karo pisan; di-[x] gajah: sikile disrimpung nanging ora didhèmpètake (dadi isih bisa mlaku).
srinata: kw. têmbang sinom.
srindhitan: kn. slindhitan (ar. manuk).
srinthil: I kn. angusing tike ing bêdudan, klèlèt. II êngg. kn: tikus; kc. sumrinthil.
sring: êngg. kn. rada kêrêp, sok; kc. sêring.
(sringah): kn. kc. sumringah.
sripah: I kn. (ana [x]) ana wong mati; ke-[x]-an: kêpatèn. II pc: saripah.
sripanganti, sripênganti: kn. srimanganti.
sriping: êngg. kn. criping.
sripit: I [x]-[x] kn. mlaku jangkahe ciyut sarta nywara srêbêd-srêbêd. II di-[x] êngg. pc: 1 disrèmpèd sathithik; 2 disruput.
srisakit: k. srilara.
srisig: I kn. 1 watu sangganing gêdhèg (tembok); 2 pagêr (nam-naman pring);
--- 583 ---
3 (ut. [x]-an) êngg. saèm. jodhangan (wadhah koprah). II kn: njogèd sêsirig (wêdhi-kèngsêr)
sriti ~ swarga.
sriti: kn. ar. manuk.
sriwêd: pating [x] kn. pating sliwêr (uyêk-uyêkan).
(sriwil): di-[x] kn. disrèmpèd sathithik, dijawil sathithik.
sriwing-sriwing: kn. 1 krasa kaya didamoni (kêsiliran angin); 2 pc. kabar angin, srêming-srêming; kc. sumriwing.
sru: kw. sêru (bangêt).

(sruba): di-[x]-[x] êngg. kn. disuba-suba.
srubud-srubud: kn. swaraning angin bantêr.
(srudug): di-[x] kn. dibijig (disondhol) sêru.
(srudah): êngg. kc. sludhah.
srugal-srugul: êngg. pc. kau, ora tata.
srumbung: kn. 1 nam-naman pring ditrap ing sumur (supaya ora jugrug); 2 bngs. kranjang tanpa dhasar dianggo wadhah krikil, kurungan tanduran lsp; 3 kepang pêsagi ditata ing tenggok ut. sênik supaya amot akèh; 4 bngs. pagêr nam-naman pring; 5 êngg. pipa blombongan dalan kêbul; 6 pc. sêlut untu; di-[x](i): ditrapi srumbung; [x]-an êngg: wong wadon sing buruh nggêgendhong.
srundèng: kn. gorèngan parudan krambil.
srunèn: kn. 1 gamêlan Madura; 2 saèm. wayang wong (Madura); kc. sruni.
sruni: kn. bngs. suling.
srunthul: I mak [x] kn. mlayu ndhungkluk (mbrobos); [x]-an: dalan cilik ing patêbon; kc. jrunthul. II kn: 1 ar. ama; 2 êngg. ar. jamur.
srunggan: êngg. kn. wiji-wiji warna-warna dicampur.
srupat-sruput: pc. swara (katêranganing) wong ngombe.
(sruput): di-[x] pc. diombe sarana disêrot.
sruti: I kn. surti. II (S) kw. kitab suci.
srutu: I kn. rokok lintingan godhong tembako. II. nyrutu êngg. pc: mlaku rikat tanpa ngingêtake kiwa têngên.
sruwa: I êngg. kn. ada-adaning duk digawe kalam; kc. suwa. II êngg. kn: srèi. III [x]-sruwi kn: kabèh sarwa.
sruwag: pating [x] kn. madhul-madhul ora alus (tmr. rambut).
sruwal: kn. lancingan ki. êngg. kathok.
sruwang-sruwing: kn. krungu srêming-srêming.
(sruwe): di-[x] kn. 1 diaruh-aruhi, dielikake; 2 dicacad, diwaoni.
suwèk: pating [x] pc. padha suwèk.
sruwêd: pating [x] pc. pating sriwêd, pating sliwêr.
sruwêng: pating [x] pc. nywara pating grênggêng (angin).
sruwil: pating [x] pc. pating sluwir (cruwil).
sruwing-sruwing: pc. sruwang-sruwing.
sruwi-sruwi: kn. sruwa-sruwi.
sruwud: pating [x] kn. pating jriwut, padha dhiwut-dhiwut.
(sruwuk): di-[x] êngg. kn. disrudug.
sruwung: pating [x] kn. nywara grunggung-grunggung (angin).
srobod: êngg. kn. rungkud, akèh thêthukulane.
(srobong): di-[x] êngg. kn. dibuntêl, digêdhong.
srodok: I pating [x] pc. katon dawa-dawa tmr. alis lsp. II êngg. pc: rada.
srog: mak [x] pc. têka dhog, linggih srêg; di-[x]-ake: disèlèhake.
srogal-srogol: kn. kau, ora tata.
srombong: êngg. pc. pagêr dianggo ngurung têtanduran lsp; kc. srumbung.

srompod: I kn. thêthukulan sing ngrêgêdi (sukêt lsp). II êngg. kn: srêgêp tumandang ing gawe.
(srondhol): di-[x] pc. disondhol.
sronggot: kn. congor cèlèng (babi); di-[x]: disrudug ing sronggot.
(sropot): di-[x] êngg. kn. disêrèt tanpa nganggo campuran apa-apa (tmr. candu).
srota, sroti: (S) kw. ak. kuping.
srotiya: (S) kw. ak. wong (pandhita, brahmana) pintêr.
srotong: êngg. kn. 1 pipa, bêdudan; 2 sotong, cumi-cumi; [x]-an êngg: ar. wanguning omah (saèm. kampung nganggo payon èmpèr 2).
srothal-srathil: pc. mlarat bangêt (sandhangane pating sruwèk).
srowal-srowol: kn. srogal-srogol, murang tata.
srowod: pating [x] pc. pating jlêbud (rambut), akèh sêrate (tmr. pêlêm); kc. sruwud.
srowoh: pating [x] êngg. kn. pating srowong.
(srowok): di-[x] êngg. kn. disrudug; kc. sruwuk.
srowong: pating [x] kn. akèh bolongane tmr. gêdhèg lsp; di-[x]-i: dibolong, didèkèki bolongan; [x]-an: bolongan dalan padhang (angin).
swa: I kw. jaran; kc. aswa. II kw. ak: rai, êndhas; kc. asya.
swabawa: I kw. swara; kc. sêbawa. II (S) kw. ak: watak.
swabrêtya: (S) kw. ak. prajurit.
swadesa: (S) kw. ak. padunungan (e dhewe).
swagata: kw. sogata, sugata.
swagotra: (S) kw. ak. turun.
swagrêha: (S) kw. ak. patapan.
swah: (S) kw. ak. langit.
swayambara: kw. ak. sayêmbara.
swami: (S) kw. ak. bêndara, ratu, bojo.
swana: I (S) kw. ak. asu; kc. sona. II kw. ak: gêtih.
swandana: kw. têtunggangan, kreta.
swanita: kw. gêtih.
swantên: k. swara.
swara: n. swantên k. kêdhêring hawa sing tinampan ing pangrungu; ngumbar [x]: umuk, sêsongaran (sêsumbar); nywara: ngêtokake swara, muni.
swarga: (swargi k. ak) kn. 1 alam kanikmatan padunungane para sukma (kang [(kan...]
--- 584 ---
[...g] padha utama uripe); 2 kayangan, kadewan; 3 karahayon, kabêgjaning sukma; sing wis [x] n. ingkang sampun swargi k. br: sing wis mati; [x] ginawe ayu br: têka bêcik têmên ! [x] nunut: kabêgjaning wong wadon mung nunut marang sing lanang; [x]-ne wong ...: bêgjane wong ...; nywarga pc. wis kêpenak (bêgja) uripe; kc. swargi.
swargaloka ~ tajêm.
swargaloka: kw. kadewan, kayangan, swarga.
swargi: ki. jênat, jênate.
swari: kc. suwari.

swasa: n. swaos k. suwasa; [x] bubul: swasa sing ala; swasan: swasa palson.
swasana: kw. hawa.
swasta, swasti: (S) kw. ak. rahayu, slamêt.
swawi: kc. suwawi.
sweda: I (S) kw. ak. kringêt. II kw: driji; kc. suweda.
swèni: kc. suwèni, sinêmèni.
swèntêr: kn. ucêng-ucêng mriyêm.
sweta: (S) kw. ak. patih.
swi: kw. adrêng, nggujêg.
swikara: (S) kw. ak. mêksa, adrêng.
swipwa, swipowa: (C) kn. kêthèkan dianggo etung-etung.
swiwi: pc. suwiwi.
swuh: kw. rusak, lêbur; kc. syuh.

1. disaosake.
2. kn.
3. linggih.
4. planggrangan.
5. diusar-usarake.
6. udan.
7. dirêsikake.
8. lathi [x].
9. gênti-gêntèn.
10. dianjingi.
11. sosi.
12. (angèl, gampang).

T

ta: kn. 1 pc. e ! (murih nggatèkake); 2 kanggo ngantêbake surasa (ing saburining têmbung pitakon, pakon, pitutur); 3 ngantêbake nyatane gagasan kang kawêdharake, up. rak salah ta !
ta: -nta kw. -mu.
(tan): I [x]-[x]-an (atine) kn. dhêg-dhêgan marga kagèt. II di-[x]-ake pc: dikêtabake.
tabag: kn. 1 pagêr ut. gêdhèg, bakale pring diplupuh; 2 pagêr sing digawe blabag; 3 êngg. gêdhèg; kc. dabag.
tabah: I kn. êngg. bêtah, sabar atine; di-[x]-ake êngg: dibêtah-bêtahake, disabarake. II di-[x] kw: ditabuh; kc. tabuh.
tabe: kn. 1 êngg. aja dadi atimu !; 2 (ut. [x]-[x] nuwun-nuwun sèwu (kalawan urmat bangêt) yaiku samangsa arêp nyêbutake asmane Kangjêng Nabi Muhamad lsp; 3 pakurmatan, salaman; 4 tabik; têtabikan: padha salaman, urmat-ingurmatan.
tabèk: (A) kn. miturut.
tabèl: (W) kn. cathêtan urut-urutaning sala-silah, jam sêpur lsp.
tabengat: (A) kn. ak. watak.
tabêh: kn. 1 krasa kaya kandêl abuh tmr. rai; 2 tambêng, ndablêg.

tabêla: kn. pêthi wadhah jisim sing arêp dikubur; di-[x]: dilêbokake ing tabêla tmr. mayit.
tabêri: kn. srêgêp sarta tlatèn; ditabêrèni: disrêgêpi, ditlatèni.
tabêt: kn. 1 tilas, lari; 2 êngg. tatu; 3 (ut. têtabêtan) êngg. tilasan, turahane apa-apa sing wis rusak; [x] saka, [x] ing: marga saka; nabêt: nganakake tilas ut. tabêt; di-[x]-i: 1 kadunungan ing tabêt; 2 ditinggali, diwènèhi têtilas; kc. labêt.
tabêt-tatu: kn. tilas tatu, gèthèk.
tabib, tabit: (A) kn. dhukun (wong Arab ut. Hindhu).
tabik: êngg. pc. 1 salaman; 2 mbagèkake pakurmatan; di-[x]-i: dibagèkake sarana tabik; kc. tabe.
tabir: kn. kc. takbir.
tabit: kn. tabib.
tablag: êngg. tabag.
tablas: êngg. kn. 1 têrus nandhês (diiris lsp); 2 êntèk babarpisan; kc. bablas.
tablèg: I êngg. tabag. II kn: 1 ora owah gingsir, popog; 2 panggah; kc. tamblèg. III (A) kn: wêwarah njêmbarake agama Islam.
tablèt: (W) kn. jamu (kinah) glintiran gèpèng.
tablèg: I êngg. kn. tanggul; di-[x]: 1 ditangguli; 2 diurugi manêt. II kn: ndablêg, tambêng.
tablun: ks. sêsukêr (tai); nablun ks: bêbanyu.
tabuh: kn. 1 thuthuking gamêlan, bêdhug lsp; 2 br. jam; di-[x]: 1 diunèkake sarana kathuthuk ing tabuh tmr. gamêlan lsp; 2 pc. ditakoni, ditanggap; 3 êngg. diunèkake tmr. mrêcon. mriyêm lsp; di-[x]-i: digamêli; (te)[x]-an: unèn-unèn, gamêlan.
tabur: I êngg. tawur, têtawur. II [x]-[x] kn: bludiran sarana bolah sutra ut. banyu mas; di-[x]: dibludir.
(tabok): I sa-[x] êngg. kn. satêbah; di-[x](i): dipilara êndhase sarana tangan (traping èpèk-èpèk dijêbèbèhake). II kn: kc. tabon I.
tabon: I kn. sing tuwa dhewe; bojo [x]: bojo sing baku (absah); desa [x]: desa sing diênggoni ing lurah (dêmang lsp); lurah [x]: lurah patuh (priyayi sing nggadhuh palungguh sawah sapadesane); sêlir [x]: sêlir ênggone ningkah sawuse ngandhêg; bumi sa-[x]-e, sa-[x] padhukuhane: padesan lan palêmahan ing kukubane sing isih mluwa. II kn: sêpêt (buntêling krambil).
(tabrak): di-[x] êngg. pc. 1 ditumbuk, ditunjang; 2 dicêkêl (tmr. maling lsp).
tadanantara: (S) kw. dumadakan, ora antara suwe.
tajab, tajap: pc. mustajab, mandi.
tajali: (A) kn. 1 wêdharaning Allah; 2 gêgênti ut. blêgêring Allah sing ana ing donya.
tajèn: I kn. gathuk-gathukan êndhas tmr. layangan; kc. taji. II êngg. kn: pakaryan padesan mirunggan marang lurah lsp.
tajêm: I kn. 1 jêjêg (timbang) tmr. traju; 2 antêng ora mondar-mandir tmr. polatan; 3 sarèh sarta kukuh tmr. bêbudèn.
--- 585 ---

II êngg. pc: landhêp; di-[x]-i pc: digêgasah, diadon-adoni.
taji ~ taya.
taji: I kn. waja winangun lancip alandhêp dipasang ing sikil jago ut. ing sunguning wêdhus; [x] batang: taji dipasang ing jalu; [x] sale: taji dipasang ing jênthik; [x] têlês: taji dipasang ing dhuwur jalu; masang [x] pr: didakwa malês ndakwa; di-[x]: 1 dicublês ing taji; 2 dicublês nganggo êndhasing layangan; 3 pc. didakwa.
tajin: I kn. banyu ing liwêt sing wis umob; mumbul-mumbul kaya [x] pr: ora duwe kêndhak; najini: 1 mêtu tajine tmr. liwêt; 2 kabèh dadi woh tmr. ontong gêdhang; di-[x]-i: dibuwang tajine. II kw: cêcêgah, ngêngurangi (mangan, turu, lsp).
taju: I (A) br. makutha. II di-[x] pc: disigar nganggo paju; kc. paju.
tajug: I kn. 1 langgar (omah-omahan, cungkup lsp) wanguning payone kaya wanguning ompak; 2 awangun kaya ompak tmr. mata intên ing ali-ali. II di-[x] kn: didakwa nyolong lsp. kalawan dicogêmol.
tadha: kn. sindik wêsi ut. kayu (kanggo ngrangke êmpyak lsp).
tadhah: kn. 1 nampani apa-apa sing tumiba; 2 apa-apa sing dianggo nampani apa-apa sing tumiba, up. [x] banyu udan; 3 cêndhèk sarta mayat tmr. payon; 4 kw. pangan; 5 kèhing pangan lsp. sing dianggo pêpancèn, up. bocah iki [x]-e rong piring; 6 ([x] bangêt) pc. bisa ngêntèkake akèh; di-[x] kw: dipangan; di-[x]-i: 1 ditampani; 2 ditanggapi, ora diendhani (dioncati); [x]-an: 1 apa-apa sing dianggo nadhahi ut. sing ditadhahi; 2 (sawah [x]-an) olèhe banyu mung saka banyu udan dadi yèn katiga ora ditanduri pari; 3 (ut. pa-[x]-an) tembor sing dianggo wadhah panganggo sing adi-adi ut. cêpakan.
tadhah amin: kn. 1 ngamini wong ndonga sarta tangane katata mandho kaarêpake ing rai; 2 pc. mung mèlu manut.
tadhaharsa: kw. manuk kêdhasih.
tadhah duka: kn. sumarah (disrêngêni iya wis nrima).
tadhah jis: êngg. plangitan ing sadhuwuring paturon.
tadhah êluh: kn. ar. mathining jaran unyêng-unyêngane dumunong[1] ing sangisoring mata.
tadhah kringêt: kn. 1 klambi rangkêpan; 2 rangkêpaning klambi.
tadhah najis: êngg. plangitan sadhuwuring paturon.
tadhah udan: kn. 1 (sawah) tadhahan; 2 (gêdhang) lirangan sing dhuwur dhewe; 3 (payon) mayat, campah.
tadhah-sih: kw. manuk kêdhasih.
tadhah sirah: pc. bantal.
tadhah sodor: kn. nggawa tumbak lancipe kaênêrake mangisor.
taèk: êngg. pc. sêsukêr; kc. tai.
tag: di-[x] pc. diatag; dadi [x]-[x]-an: ndadak nganggo diatag; kc. atag.
taga: I [x]-ne kw. têmahane, tundhone. II kw: kc. walangataga.
tagèh: I kn. ar. iwak kali. II di-[x] êngg. pc: ditagih.
tagên: kw. tanggulang; di-[x]-i kw: ditanggulangi, dilawan; kc. tanggên.
(tagih): I di-[x] kn. dijaluk bali piutange (janjine lsp); nagihi: 1 nagih bola-bali; 2 (ut. matagihi êngg) njalari kêtagihan; pa-[x]-an, kê-[x]-an:

adrêng kêpengin marang pangan lsp. sing wis kamanuhake (kang lumrah pangan lsp. sing ora bêcik tmr. ing badan). II kn: ar. iwak kali; kc. tagèh.
tagon: ut. [x]-an êngg. pacangan; têtagon êngg: bedhangan; kc. tanggon.
tah: kn. ta.
taha: I kw. kira, bok manawa [x] yèn: manawa; tumaha: ngira-ira, gojag-gajêg. II kw: ringa, rada wêdi; tan [x]: kêndêl, tanpa ringa-ringa; di-[x]: dieringi: ora [x]-[x]: ora wigih-wigih, ora nganggo ringa-ringa.
tahayul: (A) kn. 1 panyipta, gambaring pangangên-angên; 2 gugon-tuhon.
tahan: kn. kuwat ngampah (nyandhêt), têgêl, bêtah; di-[x]: 1 diêndhêg; 2 diampah, dicandhêt; 3 dicêkêl pulisi sarta dikunjara sawêtara mangsa; 4 êngg. pc: disumênèkake, dilèrènake dhisik; di-[x]-ake: dibêtahake, ditêgêlake; [x]-an: 1 apa-apa sing ditahan; 2 papan dianggo nahan.
tahang: êngg. tong.
tahap: kw. ombèn-ombèn; di-[x]: diombe.
tahjud: (A) kn. sêmbahyang ing wayah bêngi (yèn pinuju nglilir).
tahên: I kw. wit, kayu. II kw: tahan; nahên: 1 nahan; 2 nandhang.
tahyat: (A) kn. pêpuji marang Allah.
tahyul: kc. tahayul.
tahlil: (A) kn. ngucapake sahadat la ilaha illa'llah (dianggo mêmuji kang Maha luhur); di-[x]-ake: didhikirake; [x]-an: dikiran; kc. dalil.
tahu: (C) kn. ar. lêlawuhan sing digawe dhêle putih digiling.
tahulang: kw. balung.
tai: n. tinja k. 1 sêsukêr; 2 (ut. têtai) rêrêgêding wêsi warnane abang; 3 gogroganing pasahan, grajèn lsp; kêtiban [x] baya (ut. ke-[x] baya) pr: kêna ing pandakwa, ditêrka; dibêciki mbalang [x] pr: dibêciki malês ala; nai: 1 (ninja k) mêtu têtaine tmr. wêsi; 2 kn. manak tmr. kucing; tainên: mêtu têtaine tmr. wêsi.
tai bêsi: kn. 1 landhaning obong-obongan wêsi; 2 rêgêding wêsi kang diobong.
taiyèng: kn. 1 êndhêg-êndhêg campuraning jasad wêsi karo banyu (kang ana ing sawah lsp); 2 êngg. têtai; taiyèngên êngg: tainên.
tail: I kn. (sa-[x]) ukuran bobot (1/16 kati = 38,601 g). II ke-[x]-[x] êngg: dicêcamah, disiya-siya.
tai manuk: kn. 1 ênjêt (yèn disêbutake ing wayah bêngi); 2 (ut. tai burung) rabuk asal tai lawa, manuk lsp.
taya: I kw. ak. ilang, suwung. II kw: jogèd; ma-[x]: njogèd.
--- 586 ---
tajêh ~ talês.
tayêh: êngg. kn. puguh, mêmpêng; kc. tayuh.
tayub: (ut. [x]-an, nayuban) kn. kasukan jêjogèdan nganggo dijogèdi ing tlèdhèk; di-[x]; dijogèdi sarta diibing tmr. tlèdhèk.
tayuh: I (ut. tayoh) êngg. kn. 1 ora bisa mutah tmr. warna; 2 rakêt bangêt pamitrane lsp; 3 puguh, mêmpêng. II kn: impèn kang ngêmu

sasmitaning lêlakon sing bakal kêlakon; di-[x]: nêdya disumurupi sasmitaning apa-apa sarana nglakoni supaya olèh wêwêngan sarana impèn; di-[x]-i: diprimpèni.
tayum: kn: bngs. jamur sing tuwuh ing klambi lsp. sing têlês banjur diêpêp; [x]-ên: jamurên (kêtuwuhan tayum).
(tayung): [x]-an kn: njogèd mlaku.
tayoh: êngg. tayuh.
tayoli: êngg. ks: bangsat (kanggo pêpisuh)
tak-: n. kula- k: dak.
taka: br: wc. antaka (mati).
takabur: (A) kn. gumêdhe, umuk.
takad: kn: kuwat nandhang (nahan) lara lsp.
takal: êngg. rentengan, kerekan dianggo angkat junjung.
takbir: I (A) kn: ngucap: Allahu Akbar (Gusti Allah maha agung); [x]-an: padha ngumpul dêdonga ngucap takbir. II (ut. [x]-an) (A) kn: katêrangan maknane impèn lsp.
takdir: (A) kn: pêpêsthèn (saka karsaning Allah); tinakdir: wis pinêsthi ing Allah.
takjir: (A) kn: paukuman miturut pancasan panêmuning kakim, ora wêwaton anggêr-anggêr (yaiku ukuman sapu).
takèk, takèn: k: takon. takelekan kw. ak: kèlèk.
takêr: kn. ukuran isi; dudu [x]-e ([x]-ane) pc: dudu tandhinge; di-[x]: diukur, disumurupi isine (kèhe) tmr. barang cuwèr ut. barang lêmbut; di-[x] warêg: disrêngêni nganti tobat-tobat: [x]-an: 1 ukuran isi; 2 apa-apa sing dianggo nakêr.
takêr ganja: br. (nyuduk kêris) nganti têkan ing ukirane.
takêr ludira: (marus) br. (prang) nganti ngêtokake gêtih akèh bangêt.
takêr turun: n. (-têdhak k): ar. pajêg awujud dhuwit saka bêkêl desa marang lurah patuh kaaturake marang panjênênganing nata.
taki: mangun [x] kw: mangun tapa: têtaki, [x]-[x] kawi: têmên nglakoni tapa lsp; kc. tèki.
takir: kn. 1 wadhah panganan lsp. sing digawe godhong gêdhang dikuwungake dibitingi kiwa têngên; 2. ar. peranganing omah joglo awujud kayu katumpukan (sungsun) tumumpang ing pangêrêt lan panglari (sing manjêro); [x] ponthang: takir sing digawe janur ut. sing didèkèki janur ing kiwa têngên; di-[x]: digawe takir.
takyat: kn: tahyat
takyin: (A) kn: 1. nyata, gênah; 2 mêsthi, yakin; di-[x]-ake: dinyatakake, diyakinake.
takyun: (A) kn: kupiya, pangalaman.
taklèk: (A) kn: 1 janggêlan; 2 janji dalêm tmr. nikah tuwin talak; di-[x]-ake: prajanji (saguh) isih nganggo janggêlan; kc. talèk.
taklid: (A) kn: nirokake, nulad. taklim (A) kn: kanthi urmat, ngajèni.
takluk: (A) kn: têluk.
(takul): tumakul kw: tumungkul, mêndhak.
takut: kw: wêdi, jirih.

takok: pc. takon n. takèk pc. takèn k. ndangu ki: mitêrang njaluk wangsulan; aja [x] dosa: aja nyelaki kasalahanmu; di-[x]-i n. dipun takèni k. didangu ki: dijaluki katêrangan ut. wangsulan; ditakokake n. dipun takèkakên k. didangokake ki: 1 dijaluki katêranganing apa-apa supaya mangsuli; 2 êngg. dilamar: pi-[x] n. pitakèn k. pandangon ki: apa-apa sing ditakokake, soalan.
takowah: (C) kn: ar. lêlawuhan bngs. jangan.
takrul: (A) kn: pangaji-aji, nêtêpi anggêr lsp.
taksaka: kw: ula.
taksih: k: isih
taksir: I (W) kn: pangira-ira tmr. wuragad lsp; di-[x]: dikira-kira wragade, rêgane lsp; kc. têksir. II êngg. katledoran. III kn: kc. tapsir.
taktik: (W) kn: reka, ubêding iguh.
tak cèk, tak cèh: pc: sinau maca Cina.
takwa: kn: ar. klambi saèm. surjan lêngênane dawa tanpa bêlah bantên.
takwan: kw. takon.
tal: kn: ar. wit bngs. siwalan; sêbit ron [x]: gêlang tipis gèpèng ora sigar panjalin.
tala: I kn: omah tawon; tumala br: rame bangêt (kaya swarane omah tawon) II (S) kw: 1 lêgokan, luwangan; 2 lêmah, asor; ka-[x] kw: kêtiwasan; ka-[x] waca pr: kêtiwasan marga kliru gunême.
talab: (A) kn: sinau babagan agama.
talad: kn: (isih [x]) isih tamban, ombèr wêktune, ora kêsusu.
talak: (A) kn. pêgat; di-[x]: dipêgat.
talakas: kw. rosa.
talam: êngg. kn. tembor.
talang: kn. urung-urung (ilèn-ilèn) sing digawe pring, sing[2] lsp. kanggo ngilèkake banyu udan lsp: di-[x]-i: 1 ditrapi talang; 2 ditukokake apa-apa pambayare kèri (diêjogi dhisik).
talang-jiwa: (pati) br. ngêtohake pati dianggo bêbantên ut. tawur.
(talangsa): kn. kc. tlangsa.
talang-catur: kn. wong sing nglantarake rêmbug.
talawèngkar: êngg. wingka.
talawya: sa[x] kw. (...)[3]
(talèk): di-[x] êngg. ditakoni kapriye kaantêpane, kc. taklèk.
talèn: êngg. n. tangsulan k. dhuwit slaka ajine 25 sèn; sa-[x]. F 0.25; kc. tali.
talêh: (ut. a-[x]) kw. mêndêm.
talênan: êngg. kayu (dhingklik) landêsan ngiris-iris; kc. tlênan.
talêr: kn. 1 urut-urutan lajêring crita; 2 urut-urutaning sanak sadulur; isih ana [x]-e. isih sanak.
talês: I kn. bngs. kimpul.
--- 587 ---
II (ut. têtalês, [x]-an) kn. 1 dhasar, pandhêmèn; 2 dhêdhasaring wêwaton, landhêsaning panêmu; 3 êngg. pc. pinggiran, watês pakarangan lsp; di-[x]-i. didhasari, dipasangi pandhêmèn.

tali ~ tambang.
tali: I n. tangsul k. 1 tampar lsp. sing dianggo ningsêti; 2 (sa-[x]) êngg. saunting (sabêlah) tmr. pari; ditalèni. diikêt (disingsêti) ing tali; ka-[x] br. 1 kêsindhêt, kêcancang; 2 nandhang cilaka. katula-tula ka-[x] pr. tansah nandhang cilaka; ka-[x] mangsa pr. wis kasèp; talenan. 1 apa-apa sing wis ditalèni, sindhêtan; 2 (satalenan) saunting, sabêngkêk. II (sa-[x]) n. (sa-tangsul) k. 25 sèn; sa-[x] têlung wang pc. padha bae.
tali api: kn. plintiran gombal lsp. dianggo nyumêd udud.
tali ari-ari: kn. usus gantilaning ari-ari.
talib: I êngg. punthukan wêdhi ing sêgara ut. kali. II di-[x] kn. ditêkuk, dilangkib; di-[x]-i. ditutupi ing têkukan; di-[x]-ake. 1 dilangkibake (dianggo nutupi); nyauri utang sarana utang liya.
tali bandhang: n. tangsul [x]. tampar dianggo sabukan prajurit jêjaranan.
tali angin: (barat) n. tangsul [x] k. tali sing dianggo nalèni molo karo êmpyak.
tali bungur: n. tangsul [x] k. apusing jaran ing sadhuwuring irung.
tali goci: k. caraning nalèni layangan.
talika: kw. têlik; di-[x]. ditêlik, dilari; sèbêt byar ka-[x] br. dumadakan katon.
talilan: êngg. tahlilan.
tali-murda: ngêndhat [x] br. nglalu sarana nggantung.
tali monce: kn. ar. perangan abah-abah jaran sing kapasang ing êndhas.
taling: kn. ar. sandhangan ing aksara Jawa (...); di-[x]. ditrapi sandhangan taling.
talinga: kw. kuping.
talingan: ki. kuping.
taling-tarung: kn. ar. sandhangan ing aksara Jawa (...); di-[x]. ditrapi sandhangan taling-tarung.
tali pati: kn. nalèni disindhêt ubêd pindho.
tali puntir: kn. nalèni ora disindhêt (mung dipuntir).
tali-rasa: kn. urat saraf.
tali tapak dara: kn. nalèni katata mrapat.
tali-wanda: cancut [x] kn. cancut jarite kaubêdake ing bangkekan.
tali-wangsa: kn. ar. gêndhing.
tali wangsul: kn. nalèni ubêd pindho nanging ora disindhêt dadi gampang diuculi.
tali warêg: kn. nalèni kêncêng sarta sindhête dipuntir.
tallah: ya [x] (ya ta Allah) kn. sabawaning nyêbut.
talu: I kn. uyon-uyon ngarêpake wiwit jêjêr (wayangan). II ka-[x] kw. ak. kalah.
talub: kn. kandêl tlapukane tmr. mata.
taluh, taloh: kn. 1 êngg. wis pundhuh, wis kulina; 2. êngg. kêmba, bosên; kê-[x]-ên. bosên bangêt.
talun: êngg. kn. 1 pagagan bubakan anyar sing dibêrakake (sawise panèn); 2 pagagan ing padunungan sing ênggone nanduri diêlêti 2 ut.

3 taun; nganggo bawon [x]-an êngg. mènèhi bawon mung marang wong sing mèlu nandur.
talok: kn. ar. wit.
tama: I br. wc. utama. II ditamakake kn. diêmpakake, dikênakake; kêtaman. kêna ing; kc. tumama.
tamah: (S) kw. pêpêtênging ati, dêrênging ati marang prakara sing ala.
tamak: kw. murka; kc. tamah.
taman: I kn. 1 pakêbonanan[4] sing tinanduran kêkêmbangan; 2 êngg. blumbang; [x]-an. 1 taman; 2 tanduran kêkêmbangan. II kw. ora.
tamanpa: kw. tanpa.
taman-sari, taman-santun: br. patamanan kêkêmbangan (papan dianggo suka-suka).
taman: kw. ora.
tamara: kw. gamêlan.
tamasa: (S) kw. pêpêtêng; katamasan. kalimput ing pêpêtêng.
tamat: I kn. wêruh kalawan cêtha bangêt; di-[x]-ake. diwaspadakake, didêlêng kanthi têmên-têmên. II (A) kn. 1 êntèk, rampung tmr. buku; 2 wis katam (rampung) ênggone maca; 3 (ut. [x]-an) pc. kataman (wis rampung ênggone sinau ngaji).
tamatar: kw. ora.
tamba: n. jampi k. sarana dianggo marasake lêlara lsp; têtamba. golèk (migunakake) tamba; ditambani. diwarasake sarana tamba.
tambah: kn. 1 wuwuh, mundhak; 2 (ut. [x]-an) wuwuhan, undhakan; 3 (ut. [x]- [x], saya [x]) malah saya malah mundhak; 4 êngg. saya; 5 (ut. [x]-an) malah, malahan, nanging malah; di-[x]-i. diwuwuhi, diundhaki.
tambak: kn. 1 êngg. apa-apa sing dianggo mbêndung ilining banyu; 2 blumbang ing pasisir dianggo ngingu bandêng; di-[x](i). 1 dibêndung, ditanggul; 2 ditulak, ditanggulangi.
tambak-baya: br. têtulaking bêbaya.
tambak umur: kn. tamba (jamu) murih aja mati.
tambal: kn. 1 suwèkan ditèmpèlake (didomi) dianggo nutupi bolongan; di-[x]. ditutupi nganggo suwèkan sarta didomi ut. ditèmplèkake; [x]-an. apa-apa sing dianggo nambal ut. sing ditambal; kc. tambêl.
tambal butuh: pc. apa-apa sing dianggo nyampêdi kabutuhan sing cilik-cilik.
tambal sulam: kn. ndandani karusakane omah lsp. sing cilik-cilik.
tambal têpung: kn. pasumbang awujud dhuwit ut. barang.
tamban: (ut. [x]- [x]) kn. alon-alonan, ora kêsusu.
tambang: I kn. tampar, gadhag. II di-[x] kn. ditinggal, ditinggal nanging ora dipêgat tmr. bêbojoan. III nambang kn. nunggang prau ing
--- 588 ---
kali lsp; di-[x]-ake. dipraokake; [x]-an. 1 prau ing kali-kali dianggo nyabrangake; 2 opahane mrau; 3 dhuwit sangu lêlungan lsp; 4 dhuwit wragade mlêbu ing tontonan lsp; 5 (ut. tukang [x]) éntul, doloping mainan. IV. êngg. kn. pamêlikan.

tambang-parantian: (-parantean, -prantine) br. padunungan (omahe, asale).
tambar: kn. 1 êngg. ngabar, ilang dayane; 2 durung rêsik (putih) ênggone nosoh tmr. bêras.
tambas: kn. rêmbês têrus, mbrabas tmr. banyu lsp; kc. rambas.
tambe: kw. têmbe (wiwitan, wêkasan).
tambêh: kw. tambah, wuwuh.
tambêl: kn. 1 apa-apa sing dianggo nyukupi kabutuhan ing sawêtara mangsa; 2 tombok; di-[x]-i. 1 dicukupi kêkurangane; 2 ditomboki (marga kurang pambayare lsp); ningkah [x]-an. ningkah wong sing wis mêtêng.
tambêl-butuh: (-sêpi êngg) kanggo nyampêdi kabutuhan.
tambêm: kn. (ut. [x]-an). congkog sanggan bêdhil supaya titis.
tambêng: I kn. 1 blabag lsp. dianggo singgêtan ut. êlêt-êlêt; 2 êngg. tambak. bêndungan; di-[x] êngg. ditambak, dibêndung. II kn. 1 (ut. [x]-ndhêndhêng). ndablêg; 2 êngg. ndhugal.
tambêt: êngg. k. tambuh.
tambi: I kn. oyod sing ana ing poking uwit (ora ana ing sajroning lêmah wangune njêbèbèh). II êngg. k. tamba; dipuntambèni êngg. k. ditambani. III êngg. kn. jambe.
tambilutan: kn. ar. têtuwuhan.
tambing: kw. têmbing.
tambir: I kn. blabag, pring lsp. kaêtrap ing bambinging prau supaya bisa amot akèh; di-[x]-i. ditrapi tambir. II kn. bngs. tampah wêngkune gilig. III kn. ar. wuku kang kaping sangalas.
(tambiring): di-[x] kw. dibalang.
tamblag: êngg. kn. tabag, dablag.
(tamblang, tamblong): [x]-[x] pc. pating blêntong.
tamblèg: kn. tablèg, tèblèg.
tamblêg: êngg. kn. tanggul, tambak; kc. tablêg.
tambuh: kn. 1 br. ora wêruh (mangêrti); 2 ora mrêduli, api-api ora wêruh (ora mangêrti); 3 (ut. [x]-[x]) ora karuwan, kêluwih-luwih; numbak [x] pr. api-api ora wêruh (ora mangêrti); nambuh, tumambuh. api-api ora wêruh; di-[x]-i. ora digape, ora diprêduli; ke-[x]-an br. kêkilapan, pangling.
tambung: kw. ak. samar, samun, tambuh; [x] laku pr. nyamun, api-api ora wêruh; nambung. 1 nyamar; 2 nambong, nambuh.
tambur: (W) kn. 1 bngs. trêbang urunge cêndhak wlulange kiwa têngên sarta nganggo èthèr-èthèr; 2 rapèl nabuh tambur.
tambon: êngg. kn. prau tembo.
(tambong): nambong kn. tambuh, nambung; kc. tambung.
tambra: kn. ar. iwak loh.
tamèng: kn. piranti dianggo aling-aling (nadhahi, nangkis) tibaning gêgaman; di-[x]-i. dialing-alingi, ditadhahi ing tamèng.
tamèng mata: êngg. 1 tlapukan; 2 (dadi [x]) dianggo aling-aling murih aja wêruh.

tami: I êngg. k. tamu (dhayoh); [x]-an êngg. k. kêdhayohan. II br. tama (utama). III êngg. k. tama; dipuntamèkakên êngg. k. ditamakake.
tamisra: kw. ak. pêpêtêng.
tamyang: kw. tamèng.
tamu: k. dhayoh; [x]-an êngg. kêdhayohan.
tamolah: kw. manggon, dêdunung.
tampa: n. tampi k:1 olèh, up. [x] ganjaran; 2 kêbênêr olèh giliran pagawean lsp. up. lagi mbênêri [x], caos ana ing kamandhungan; 3 bisa mangêrti (nyandhak) marang surasaning gunêm, piwulang lsp, up. wis disasmitani mêksa durung [x]; 4 panganggêp, pangrêti, panyurasa, up. salah [x], kliru [x]; 5 êngg. pc. ditrima, disambut; di-[x] êngg. pc. ut. ditampani. 1 ditadhahi; 2 disangga tmr. giliran lsp; 3 ditrima, disambut; 4 dikabulake tmr. nglamar lsp; 5 pc. ditanggapi, dicandhak (dingêrtèni); panampan (nampan pc). baki, talam.
tampa: pc. tanpa.
tampah: kn. bngs. tambir (tebok) gêdhe.
tampak: I di-[x] êngg. disêbar ing pandhêdhêran; [x]-an. pandhêdhêran; kc. tampêk. II éngg. pc. tanpa aling-aling, ngegla; kc. tampêk.
tampal: kw. tampèl; kc. tampyal.
tampan: n. tampèn k. 1 giliran; 2 (ut. [x]-an ati n. tampènan manah k) rumangsan, gampang rumasa dirasani ala; kc. tampa.
tampang: kn. 1 timbêl bandhuling jala; 2 (sa-[x]) lentrengan têmbako sadurunge digulung dadi dêlêgan.
tampar: kn. tali sing digawe plintiran sêrat nanas, sêpêt lsp; banyu tumampar br. ilèn-ilèn banyu ing pagunungan; nampar. gawe tampar; [x]-ên. kêjêng ing daginging kempol.
tampèl: kn. 1 tamplèk; 2 bngs. palu pirantining sayang ut. kêmasan; bal [x] pc. dolanan tènis; di-[x]. 1 ditamplèk, saèm. disampluk (tangane njêbèbèh). 2 dithuthuk nganggo tampèl; 3 ditampik; nampèl puluk pr. agawe wurunging wong sing arêp olèh kabêgjan.
(tampêk): I di-[x] kn. 1 (angin) ditêtêr ing lakuning angin; 2 (raine) ditapuk sêru; 3 br. kêtaman ing kasusahan lsp. II êngg. lara gabag; kc. tampak.
(tampêl): di-[x] kn. dicokot lintah; kc. tapêl.
tampêr: I kn. (uyah [x]) uyah sing lêmbut (dudu uyah wuku). II di-[x] êngg. pc. ditabok, ditêmpiling.
tampi: k. tampa.
tampik: (ora) [x] kn. (ora) ana sing disirik (diêmohi); di-[x]. ora ditampa, diêmohi; ora dikanggokake.
tamping: êngg. kn. 1 têmbing, têpi; 2 tanggul; 3 tapêl-watêsing wêwêngkon, tlatah lsp; 4 apa-apa sing dianggo aling-aling angin, udan lsp; 5 (ut. têtamping) punggawa pulisi desa; di-[x]. 1 dilèrèsi
--- 589 ---
mayat tmr. galêngan murih aja gêmpal; 2 diêlongi pinggirane supaya rampak tmr. alis lsp; di-[x]-i. dialing-alingi tmr. angin, banyu lsp.
tampir ~ pamitran.

tampir: êngg. kn. tambir.
tampyal: kw. tampèl; di-[x]. ditampèl.
tamplèk: êngg. kn. tampèl; di-[x]. ditampèl.
tampu: kn. nyiprat mlêbu tmr. banyu udan; kêtampon. kêkêpyuran banyu udan saka ing jaba.
(tampuh): tumampuh kw. nêmpuh; kc. têmpuh.
tampuhawang: kw. nakoda.
tampo: kw. bngs. arak (sing digawe tape).
(tampol): di-[x] êngg. ditêgor.
(tampong): di-[x] êngg. ditampêk (raine).
tamsil: I (A) kn. tuladha bêcik. II (golèk) [x] kn. (golèk) kamelikan, mingsil.
tamsir: (Prs) kn. pêdhang.
tamtama: kw. prajurit pilihan.
tamtu: kn. mêsthi; kc. têmtu.
tan: kw. ora.
tanajul: (A) kn. mudhun; [x]-tarki, [x]-munggah. mudhun banjur munggah (ubêng ingêring ngaurip).
tanaga: kn. 1 (solah [x]) pratingkah, solah tingkah; 2 patrap, tindak-tanduk; 3 kakuwataning badan; kakehan [x]. kakehan polah (pratingkah); salin [x]. salin idhêp (panêmu lsp).
tanah: kn. 1 palêmahan, tlatah, laladan; 2 êngg. lêmah (lêmpung lsp); 3 asal, asli, jinise, gawean ing; 2[5] bêcik gaweane (jinise); wis gênah, wis [x] pr. wis têrang yèn wong bêcik sarta isih asli; [x]-e, [x]-ane êngg. 1 dhasare, wis dhasar wêwatakane; 2 pancèn mula; [x]-an. miturut tanahe (asale, jinise); saka ing [x]-[x]. saka ing manca nagara.
tanah manca: kn. manca nêgara (sajabaning tanah kêjawan).
tanah sabrang: kn. sajabaning tanah Jawa.
tanah wutah-rah: kn. tanah kalairan.
tanaya: (S) kw. anak.
tanak: kn. nganti suwe (matêng) ênggone nggodhog, nggorèng lsp.
tanana: kw. ora ana.
tan antara: kw. ora antara.
tana: (ng)sub kn. gêgayutan karo.
tanapi: êngg. kn. 1 lan (utawa) uga; 2 ananging; kc. atanapi.
tan asari, tan asantun: kw. ora sarèh, tumuli.
tan aresa, tan aris: kw. grusa-grusu, sarwa kasar.
tanbuh: kw. ora wêruh; kc. tambuh.
tandang: kn. 1 patrap ênggone nyambut-gawe lsp; 2 mara têtulung wong sing kasangsaran (kobongan lsp); 3 sêngkud sarta cukat ênggone nggêgarap; 4 ar. rimbaging têmbung; dak-[x]-e (ane, ne); tumandang. nindakakake pagawean; di-[x]-i. 1 digarap, ditindakakake tmr. pagawean; 2 ditêkani sarta ditulungi; 3 pc. diayoni, dipulasara lsp.
tandang-tanduk: kn. patrap, solah tingkah.
tandang-tulung: kn. mara atêtulung.
tanduk: I kn. 1 pratingkah, patrap ênggone tumandang; 2 solah-bawa (gunêm lsp) sing diêcakake; 3 cara ut. patrap sing bêcik; 4 têmbung

kriya sing nelakake pagawean (atêr-atêr anuswara + lingga); di-[x]. dituju; di-[x]-i. ditanggapi (dilanggati) tmr. gunêman lsp; di-[x]-ake. ditrapake, diêcakake, ditamakake, diêmpakakake. II 1 ki. imbuh (tmr. pangan); 2 kn. rangkêp ut. tundha tmr. anggunging prêkutut; di-[x]-i ki. diimbuhi.
tandur: n. tanêm k. 1 pari sing ênom (thikilan); 2 nyèblêkake winih pari ana ing sawah; di-[x]. 1 dicèblêkake (dipêndhêm) supaya thukul tmr. winih (wiji thikilan); 2 diurit, didhêdhêr; 3 pc. ks. dipêndhêm, dikubur; di-[x]-i. didokoki tanduran; (tê) [x]-an. apa-apa sing ditandur, têtuwuhan.
tandra, tandya: kw. tumuli, nuli.
tanja: I kn. kayu lancip dianggo gawe cluwokan sing arêp ditanduri jagung lsp; di-[x]. dicluwoki nganggo tanja; tanjan. clowokan sing ditanja; kc. panja, tanjak. II (ora, tanpa) [x] kn. (ora, tanpa) dunung, (ora) dipigunakakake kaya mêsthine; tumanja. 1 wis olèh papan sing prayoga; 2 dipigunakakake kaya mêsthine; 3 tumrap, kanggo, up. tumanja dadi pituwasing kangèlane; ditanjakake. 1 dipigunakakake (dianggo) kaya mêsthine; 2 diwijang-wijang miturut kanggone tmr. wêtuning dhuwit lsp.
tanjak: I kn. njunjung sikil karo njêjak lêmah tmr. jogèd; nanjak. 1 mancolot-mancolot; 2 pc. kêsrakat bangêt; najak-nanjak:[6] numbuk-numbuk, mêncolot-mêncolot; [x]-an êngg. dalan lsp. sing ndêdêr. II êngg. tanja, panja.
(tanjang): di-[x]-i êngg. kn. disulami ing tanduran anyar.
(tanjèh): di-[x]-ake êngg. ditanjihake.
tanjêg: êngg. kn. angsar.
tanjêk: I kn. tanja, tanjak. II êngg. têntrêm, ora molah-malih (gorèh). III êngg. sêmèn, thikilan.
(tanjêm): nanjêm êngg. nunjêm; kc. tunjêm.
tanji, tanjidhur: êngg. kn. 1 tukang mungsik; 2 mungsik.
(tanjih): di-[x]-ake kn. digênahake, dinyatakake.
(tanjir): di-[x] kn. 1 êndhase disunduki ing tumbak lsp. minangka paukuman; 2 êngg. didakwa.
tanjlig: êngg. gêjlig.
(tanjuk): nanjuk-nanjuk êngg. nanjak-nanjak.
tanjung: I kn. 1 ar. wit kêmbange putih awangi (wohe ana kêcike); 2 rêrênggan awujud êmas lsp. diwangun kaya kêmbang tanjung; 2 (ut. [x]-an) lêmpitaning ikêt sadhuwuring wiron sing kaêtrap mrapat ing sadhuwuring bathuk. II (M) kn. pongol (ing sêgara).
tandha: I kn. 1 têtêngêr, apa-apa sing dianggo mracihnani yèn, up. [x]-ning pamitran; 2 (ut. [x]-yêkti) katêrangan,
--- 590 ---
bukti, cihna; [x]-ne. wis têrang marga; di-[x]. dicoba disumurupi tulèn lan orane, lsp; ditandhani. 1 dicirèni, ditêngêri; 2 ditèkêni; ke-[x]. kacêtha, têrang saka; kc. pratandha. II 1 kw. juru gêdhong, pangarêping prajurit, juru mupu beya; 2 kn. lurah pasar.
tandhak ~ tangan.

tandhak: êngg. tlèdhèk; nandhak êngg. njogèd, ngibing.
tandha-mata: n. tandha-mripat k. barang (pawèwèh) minangka pangeling-eling.
tandha-tangan: kn. -asma, -asta ki. 1 tèkên, parap; 2 layang katêrangan mawa tèkêning panggêdhe.
(tandhêg): di-[x] kn. ditandho (diêndhêg) nganti nglumpuk akèh; kê-[x]-an utang. kêjêntol ing utang.
tandhês: I kn. 1 êntèk babar pisan, nganti rêsik; 2 nganti tumêka ing dhasar; nandhês. nganti jêro panggarite lsp; di-[x]-ake. digaritake (dilêbokakake lsp) nganti jêro (nganti tumêka ing dhasar). II êngg. tanpa têtuwuhan (tmr. padhas, palêmahan).
tandhing: I kn. 1 lawan, têtimbangan; 2 babag, padha kêkuwatane lsp; pilih (tanpa) [x] br. ora ana sing ngêmbari (madhani); prang [x]. prang padha ijèn; di-[x]. ditimbang karo, dipadhakake karo; di-[x]-i. dikêmbari, dimungsuhi; têtandhingan. 1 onjon-onjonan (adu) kapintêran lsp; 2 murwatan kèhing campuran lsp; 3 pêpadhan murwataning cacah, up. 10 . 25 = 2 . 5. II kn. sindik ing kolonganing pacul.
tandhu: I kn. bngs. joli; [x] gantung, [x] lawak, [x] cina. tandhu sing dipikul wong loro; di-[x]. dipikul ing tandhu; di-[x] kothong. dipondhong ing wong loro tmr. pangantèn wadon; panandhon. abdi-dalêm sing pinatah njaga sarta mikul tandhu. II di-[x] êngg. digadhe ing sawêtara taun tmr. sawah (pêmêtune sawah dianggo ngêsahi utange); ditandhokake êngg. digadhèkake; bumi panandhon. sawah sing kaparingake nggadhuh marang putra dalêm putri sing wis krama.
tandho: kn. simpên apa-apa dianggo andhungan; tumandho. nandhêg, nglumpuk nganti akèh; di-[x]. 1 ditandhêg nganti akèh dianggo simpênan tmr. barang dagangan lsp; 2 diklumpukake (disidhêm lsp) nganti nglumpuk akèh tmr. pagawean lsp; tandhon. barang-barang sing ditandho; panandhon. papan sing dianggo simpên (nandho) barang-barang.
tanêk: êngg. tanak.
tanêm: k. tandur.
tanêm-tuwuh: kn. têtanduran, thêthukulan saliyane pari.
tani: I 1 kw. sawah, palêmahan sing ditanduri; 2 kn. (wong [x]) wong sing pakaryane nggarap sawah têgal; 3 wong sing dadi warganing desa (wênang ndarbèni sawah); 4 (ut. têtanèn) pakaryan nggarap sawah patêgalan; among [x] br. nindakake pakaryan têtanèn; têtanèn. 1 babagan nggarap sawah têgal sarta nênandur; 2 nindakake pakaryan tani (nggarap sawah patêgalan). II kn. utama uripe, ora royal; ditanèkake. didadèkake wong sing tani (ngêpèk bojo tlèdhèk lsp).
tani-bêntik: (-yutun) kn. tani bangêt.
(taning): di-[x]-[x], di-[x]-i kn. diperang-perang pêpunthukan tmr. sêga, kêmbang lsp; [x]-an. pêpunthukan sapantha-pantha.
tanu: (S) kw. badan, awak; 2 alus, lêmbut.
tanopèn: kw. tanapi.

tanos: êngg. k. tani.
tanpa: kn. ora nganggo; [x] gawe. ora ana paedahe; [x] upama. ora ana sing madhani; [x] tandhing. ora ana tandhinge.
tan pae: kw. ora beda.
tansah: kn. pijêr, ora kêndhat.
tansaya: êngg. sangsaya; kc. saya.
tansèng: kw. tansah.
tansil: kn. piguna, paedah, jasa; kc. tamsil, tangsil.
tan sipi: kw. bangêt; kc. sipi.
tan-tan tuman: kn. bisa tahan marga wis kulina; kc. tahan.
(tantang): di-[x] kn. diajak kêrêngan lsp.
tantara: kw. (tan antara) ora antara suwe, banjur.
tantas: kw. (tan atas) ora têrang, ora cêtha.
(tanting): di-[x] kn. 1 dilanting, dijunjung sarta diumbulake supaya aja kêna banyu; 2 ditimbang sarana kasangga ing tangan (dirasakake abot ènthènge); 3 ditari, ditakoni gêlêm lan orane; kc. lanting.
tantu: I êngg. pc. mêsthi; kc. tamtu, têntu.II (S) kw. ak. bênang, urut-urutaning crita.
tantuman: kn. tan-tan tuman.
tantun: êngg. k. tari.
tantra: I (bala - [x]) (S) kw. wadya bala, prajurit.II kw. panênungan, panggêndaman.
tantya: kw. bangêt; kc. atyanta.
tancêb: kn. 1 peranganing apa-apa sing cumeblok ing lêmah; 2 papan sing dicebloki; 3 pc. dunung, papan padunungan; tumancêb. numjêm[7] (amblês) mlêbu ing lêmah lsp; di-[x]-i. dicublêsi; di-[x]-ake. dicublêsake ing, diceblokake.
tancêb kayon: br. (nancêbake gunungan wayang kang pungkasan pratandha wis bubar) wis rampung, êntèk tmr. crita lsp.
tancêbing langit: kn. cakrawala.
tang: I kw. têmbung panêrang. kang, ingkang, kanang. II (W) kn. piranti kanggo mutêr sêkrup lsp.
tangadur: (A) kn. aral, alangan, cêgah.
tangala: Allahu [x] (A) kn. Gusti maha-luhur.
tangan: kn. asta ki. anggotaning badan sing dianggo nyênyêkêl; dawa [x]-e. dhêmên nyênyolong; mara [x]. cêngkiling, milara; angon ulat ngumbar [x] pr. ngawasake samangsa klimpe banjur nyênyolong; nabok nyilih [x] pr. milalani liyan sarana akon wong liya; di-[x]-i kn. diasta ki. 1 ditandangi dhewe; 2 dipulasara, dipilara; [di...]
--- 591 ---
[...pilara;] [x]-an. 1 têtironing tangan ing wayang lsp; 2 lendhehaning tangan ing kursi lsp.
tangara ~ tangi.
tangara: kn. têngara.
tangat: (A) kn. wêkêl sarta mituhu (ing Allah).
tangawud: (A) kn. donga cêkakan.
tangèh: kn. 1 (isih [x]) isih adoh antarane, isih suwe; 2 mokal.

tangga: kn. wong sing dêdunung ing sacêdhake omahe; nangga. sanja mênyang tangga; têtanggan. têtêpungan marga dadi tangga.
tangga-desa: n. -dhusun k. desa sing cêdhak karo desane sing didunungi.
tangga-têparo: n. -têpalih k. tangga sing lêt saomah rong omah.
tanggah: I dipun-[x]-i êngg. k. ditanggih. II kw. palang, tanggulang; tumanggah. malangi, nanggulangi, nêdya nglawan; di-[x]-i. dialang-alangi, dipalangi.
tanggal: kn. 1 rêmbulan sing isih ênom; 2 petungan dina miturut wêtuning rêmbulan; [x] nom. tanggal sing cêdhak karo wiwitaning sasi (1 - 10); [x] tuwa. (20 - 30); mapag(mêthuk) [x]. nggarap sari; tumanggal. 1 wiwit mlêthèk kang sapisanan ing sajroning sasi tmr. rêmbulan; 2 awangun kaya rêmbulan tanggal ênom; nanggal sapisan. kaya rêmbulan tanggal sapisan (wanguning alis sing njlirit; [x]-an. awangun kaya rêmbulan tanggal nom; pananggalan. 1 layang bab dina sarta tanggal, almênak; 2 êngg. pajêge pangindhung kaladèkake sabên sasi.
tanggap: kn. 1 gita ut. kalawan nggape ênggone nampa (mangsuli, nindakakake lsp); 2 têmbung kriya sing mratelakakake jêjêre nandhang wasesane (kb. tanduk), yaiku. dak-, ko-, -in- lsp; di-[x]. 1 ditakoni sarta dirungokakake kojahe; 2 dikon ngebarake tontonan (wayang, topèng, tlèdhèk lsp) kanthi diopahi; di-[x]-i. 1 êngg. ditampani, dicadhangi; 2 dilanggati, ditanduki tmr. gunêm lsp; di-[x]-ake. diundangake tontonan (wayang lsp); (tê-)[x]-an. tontonan (wayang lsp) sing ditanggap; pananggap. payon ing omah sing ngisor.
tanggap-sabda: br. mangsuli karangan ing layang kabar.
tanggap-warsa: br. (rame-rame) mbênêri taun anyar.
tanggèn: k. tanggon.
(tanggên): di-[x]-(i) kw. dipalangi, dipênging; kc. tanggah.
tanggêl: k. tanggung.
tanggêm: kn. piranti dianggo njêpit apa-apa sing dikikir lsp. supaya aja mrucut; di-[x]. dijêpit ing tanggêm.
tanggên: êngg. kn. kukuh bakuh, tanggon; di-[x]. dicuwak; di-[x]-i. 1 dicuwaki, dikukuhi; 2 ditanggulangi, dilawan; kc. tanggon.
(tanggênah): di-[x] kn. dipitaya (dipatah) nindakakake pakaryan.
tanggi: êngg. k. tangga.
tangguh: kn. 1 kêna dipitaya, tanggon; 2 pangira-ira nitik saka kaanan (lêlakon sing tumindak); 3 sêsipataning kêris miturut jamane êmpu sing gawe; kêtuwan [x] pr. wong ênom sing tumuwa (rêrêmbugan ngèlmu tuwa lsp); kêtuwuhan [x] pr. arêp mêthèk, malah kêpêthêk dhisik; di-[x]. 1 ditujokake ing mangsa sing prayoga; 2 êngg. diêndêlake, dipitaya; di-[x]-i. diêndêlake (dipêsthèkake) yèn bakal kêlakon.
tanggul: kn. lêmah diunthuk-unthuk urut sapinggiring kali, dalan lsp. dianggo nambaki banyu; têtanggul br. kang minangka dadi tanggul (aling-aling, amping-amping, pangayoman); di-[x](i). didèkèki tanggul.

tanggulang: kn. 1 kayu palang ing pathokaning bêndungan; 2 kang dianggo mbalèkake panêmpuh; di-[x]-i. 1 didokoki tanggulang; 2 dibalèkake (dilawan) tmr. panêmpuhing mungsuh lsp.
tanggul-angin: br. têtanggul.
tanggulun: kn. trênggulun.
tanggun: êngg. kn. lumayan, lowung.
tanggung: I n. tanggêl k. 1 satêngah-satêngah, ora mbabar-pisani; up. randha [x]. (ora tuwa ora ênom), priyayi [x]. (têngahan); 2 jinis têngahan (ora gêdhe ora cilik); 3 ([x] uripe) uripe kêcingkrangan (sangsara); malang-malang [x] pr. tansah ngewuhake (makewuhi); ramban-ramban [x] pr. ngèmbèt-èmbèt sing ora gumathok; nanggung (ut. mratanggung). isih satêngah-satêngah (ora cukup, durung tumêka ing wayahe, ora mbabar-pisani lsp); lampah nênanggung br. lêlungan sing ora têrus njujug sing dituju; nanggung ngaras br. mratanggung, ora mbabar pisani; ke-[x]-an. 1 ora nyukupi, ora mbabar-pisani; 2 lagi nêngah-nêngahi nyambut gawe lsp. II n. tanggêl k. 1 mêsthèkake yèn nyata (kalawan saguh gêlêm dadi gêgênti, nêmpuhi lsp); 2 saguh ngopèni (ngrêmbug) yèn ana kasusahane; di-[x]. didhadhagi (disanggêmi) yèn ana pakewuhe, dipêsthèkake katêmênane (bêcike lsp) kanthi kasaguhan; [x]-an. 1 sêsanggêman sing wis disaguhi marga wis gêlêm nanggung; 2 barang-barang sing dianggo cêkêlan utang lsp; 3 apa-apa sing ditanggung.
tanggung jawab: n. tanggêl [x] k. nanggung yèn ana alane (pakewuhe lsp).
tanggung jiwa: kn. pakumpulan nyèlèngi samangsa wargane mati diwènèhi dhuwit miturut apa prajanjiane.
tanggung rèntèng: kn. nanggung tundha-tundha (bêbarêngan nanggung).
tanggok: êngg. kn. bngs. sênik cilik.
tanggon: n. tanggèn k. 1 kêna dipitaya, kêna diêndêlake; 2 êngg. pacangan (bocah wadon); kc. tagon, tanggên.
(tanggor): nanggor kn. numbuk, kêna ing; di-[x]-i. ditumbuk, dipanggroki; ke-[x]. kêtumbuk ing; 2 pc. têmpuk karo, kêpapag karo.
(tanggrok): pc. kc. tanggor.
tanggwa: kw. kukuh, tanggon.
tanghulun: kw. aku.
tangi: kn. wungu ki. 1 gumregah njênggèlèk; 2 ([x] turu) mêlèk saka ênggone turu; 3 pc. mêtu kawanène, wis eling
--- 592 ---
saka ênggone kurang wêweka; ditêtangi. 1 digugah supaya tangi; 2 digêgasah, digugah atine; ditangèkake. dijênggèlèkake saka ênggone têturon; tangèn (têngèn) kn. wungon ki. yèn turu gampang nglilir marga rungon; kc. kêtangi.
tangis ~ tapak.
tangis: kn. pamuwun ki. swara pasambate wong sing susah (lara lsp) kanthi ngêtokake luh; nangis kn. muwun ki. mêdharake (ngêtokake) tangis. ditêtangis. dibêbeda nganti nangis; di-[x]-i. 1 disêsambati

kalawan nangis; 2 dijêjaluki kanthi bangêt; [x]-an. api-api nangis; dadi [x]-an. 1 ing wêkasane susah (nyêdhihake); 2 njalari akèh sing padha nangisi.
tangkar: I kn. balung dhadha tmr. sapi lsp. II tumangkar, [x]-tumangkar kn. manak-manak (mundhak-mundhak) dadi akèh; di-[x]-ake. 1 diturun-turunake nganti bêbranahan akèh tmr. raja-kaya lsp; 2 diêpingake, dirambahake; tinangkar. cacah sing diêpingake; panangkar. cacah sing dianggo ngêpingake; [x]-an. 1 ping-pingan tmr. etungan; 2 olèh-olèhane nangkarake.
tangke: kw. pang, gantilan.
tangkèk: (C) kn. panggêdhe klênthèng.
tangkêb: kn. 1 gathuk tumutup rapêt; 2 êngg. tutuping lawang lsp; 3 (sa-[x]) rong lirang tmr. gula, gêdhang lsp; nangkêb, tumangkêb. tumutup rapêt, gathuk tumutup; di-[x]-ake. digathukake tumangkêb; [x]-an. 1 peranganing klambi sing ditangkêbake ing dhadha; 2 (lawang [x]-an) lawang inêbe loro bukakan; (jaring [x]-an) jaring sing ditangkêbake kanggo njaring manuk.
tangkêb-gula: êngg. kn. tapihan (bêbêdan) ora ubêd (marga jarite kurang dawa ut. jarit kêthokan.
tangkêp: I kn. pangrêngkuh marang; [x]-e bêcik. rumêngkuh, sumanak. II di-[x] kn. 1 dicandhak, dicêkêl; 2 digropyok lan dicêkêl tmr. durjana lsp.
tangkil: I kn. ar. têtuwuhan mrambat wohe kaya mlinjo. II pari [x]-an êngg. bngs. pari genjah. III nangkil kw. sowan, seba; tinangkil br. sinewaka; panangkilan. paseban, pasowanan.
tangkis: 1 br. pananggulang, panulak; 2 bngs. tamèng; 3 êngg. tanggul ing pinggir kali lsp. di-[x]. dibalèkake (ditulak) tmr. tibaning gêgaman lsp.
tangklêd: êngg. kc. tanglêd.
tangkulak: I 1 kw. endhong, wadhah panah; 2kn. kayu (wlulang) blêbêd gandhewa dianggo cêkêlan; 3 cêngkaling cangkêm macan; kc. têngkulak, cêngkolak. II êngg. kn. bakul raja-kaya ut. asil bumi; kc. kulak.
tangkur jaran: kn. ar. iwak sêgara.
tangkuwèh: (C) kn. bngs. manisan bligo lsp.
tanglêd: êngg. k. 1 tarung; 2 takon; 3 taun; 4 tangguh; dipun-[x] êngg. k. 1 ditagih; 2 ditakêr; 3 ditangguh; dipun-[x]-i êngg. ditakoni; têtanglêdan. êngg. k. têtabuhan.
tangmolah: kw. manggon; kc. tamolah.
tangun: (A) kn. ak. lêlara nular, pagêblug.
tangsèn: I êngg. kn. 1 kangsèn, sêmayan; 2 gadhuhan tmr. omah. II kn. ilap-ilapaning omah tawon. III kn. omah kanggo panginêpan wong nyambut gawe; kc. tangsi.
tangsêl: kn. bngs. paju.
tangsi: I êngg. kn. sawah palungguh lurah desa lsp. II kn. bètèng ut. pamondhokan saradhadhu lsp.

tangsil: I kn. 1 sanepa, pêpadhan; 2 tanpa têgês (guna) tmr. têtêmbungan. II kn. tamsil.
tangsu: kw. rêmbulan; kc. sitangsu.
tangsul: I k. tali. II sa-[x] k. satali (25 sèn).
(tangtang): di-[x] kn. ditantang.
(tangting): di-[x] kn. ditanting.
tangtu: êngg. pc. têmtu.
tangcèh: (C) kn. pista riaya ing wêkasane sasi Desèmbêr.
tangwun: êngg. lumayan, lowung.
tanya: kw. takon.
tau: n. nate k. 1 wis ngalami, wis nindakake; 2 (ut. [x]-tate) wis bola-bali nindakake, wis kulina; 3 êngg. wis mangêrti, wis manuh, wis pundhuh; ditêtau. dimêmanuh, dikulinakake; kc. taon.
taun: kn. mangsa sing suwene 12 sasi; naun. 1 nganti tutug sataun; 2 nganti pirang-pirang taun (suwe bangêt); [x]-an. 1 sabên taun; 2 êngg. panènan sabakdane mangsa rêndhêng; 3 (ut. têtaunan) nganti (lêt) pirang-pirang taun.
taun baru: kn. wiwitane ganti taun.
taun raja: kn. riyaya tingalane Sri Maharaja.
taun wastu: kn. taun sing lumrah (umure 354 dina).
taun wuntu: kn. taun sing umure nglojok sadina (355 dina).
tau-rasa: pc. bakal ngalami dhewe (ngrasakake prakara sing ora kapenak).
tauco, taoco: (C) kn. ampas kêdhêle (sing digawe kecap).
taoge: (C) kn. thokolan.
taoyah: (C) kn. koyah, toyah.
taon: n. tatèn k. wis kulina; ke-[x]. wis kulina nindakake; mung [x]-[x]-an. mung lagi sapisan ênggone nindakake.
taosit: kn. ar. wit.
taota: kn. ar. wanguning ali-ali saèm. sigar panjalin.
taoco: kc. tauco.
tap: kn. trap, tata, lêlarikan tarap; di-[x]-(ake). ditata, ditrapake.
tapa: ut. [x]-brata (S) kn. nglakoni matiraga sarta sumingkir saka ing alam rame; maratapa, mratapa, mêrtapa. nglakoni tapa-brata; ditapani. (duwe panjangka) sarana dilakoni tapa; patapan, pratapan. papan sing dianggo tapa.
tapak: kn. 1 tilasing sikil; 2 tilas kagêpok ing piranti lsp, up. [x] paluning pandhe (gêgaman); 3 ([x] ing gawe) wiwit tumindak nyambut gawe; [x] paluning pandhe ut. [x]-ng kikir br. gêgaman;
--- 593 ---
ninggal [x] jêro pr. ora nêtêpi kasaguhan; tumapak. 1 sikile diambahake ing lêmah; 2 wiwit, ngayati nyambut gawe lsp; napak. 1 sikile diambahake ing lêmah; 2 (ut. napak tilas) nulad lêlakoning liyan; di-[x]-i. 1 tilas diidak ing, tilas diambah; 2 diwiwiti tmr. pakaryan; di-[x]-ake. sikile diidakake (diambahake).
tapak-dara ~ tarang.
tapak-dara: kn. sanggan gêdêbog sing dianggo wayangan.

tapak-asta: ki. 1 tandha-tangan, tèkên; 2 lorodan (turahan pangan).
tapak-liman: kn. ar. têtuwuhan.
tapakur: (A) kn. sêmbahyang sungkêm lair batin.
tapak-tangan: kn. tapak-asta ki. 1 têtilas garapan (tulisan lsp); 2 tandha-tangan, tèkên; di-[x] kn. ditapak-astani ki. ditandha-tangani, ditèkên.
tapan: I êngg. têmbung pambangêting pakon ut. larangan. II br. patapan, pratapan.
tapas: kn. blêbêding bongkok krambil; cikal [x] limar pr. kauntungan sing mokal (ora dinyana).
tapasa: (S) kw. wong tapa.
tapasi: (S) kw. wong wadon tapa.
tapaswi: (S) kw. wong tapa.
tape: kn. ar. panganan sing digawe kêtan, katela lsp. diragi; nape. rasane kêcut-kêcut lêgi tmr. têbu (marga wis lawas).
tapèh: êngg. tapih.
tapèk, tapèke, tapèkne, tapèkna: êngg. pc. nanging.
(tapèk): I di-[x]-ake êngg. napèni bêras kanggo ing liyan; kc. tapèn, tapi. II di-[x]-ake br. ditapakake; kc. tapa, tapi. III di-[x]-ake kn. ora prêduli marang agama; kc. munapèk.
tapèn: êngg. ngrêsiki bêras sarana tampah lsp. dikêtab-kêtabake; di-[x]-i, ditapi êngg. dirêsiki sarana tampah lsp. dikêtab-kêtabake tmr. bêras lsp; kc. tapi.
tapêl: I kn. 1 wêsi lsp. sing dirakêtake ing pêthi lsp. supaya kukuh; 2 (ut. [x]-tracak) wêsi sing dilapisake ing tracak; 3 (rakêtan ki) tamba sing diusarake ing wêtêng; isih mambu [x] pc. isih cilik (nom); di-[x]. 1 dilèrèki patri lsp. tmr. apa-apa sing borot; 2 (di-[x] lintah) ditèmplèki (sarta dicokot) ing lintah; di-[x]-i. 1 didokoki blêbêd wilahan wêsi lsp; 2 ditrapi tapêl-tracak; 3 (dirakêti ki) diusari ing tapêl (tamba). II kn. rêca ut. wong-wongan sing digawe lêmpung lsp. dicithak.
tapêl watês: kn. watêsing nêgara (wêwêngkon).
tapêt: êngg. tilas, tipak.
tapi: I êngg. nanging; kc. tanapi. II di-[x] êngg. ditapèni kn. dirêsiki sarana kadokok ing tampah banjur dikêtab-kêtabake tmr. bêras lsp. III br. ak. tapa.
tapih: kn. 1 (nyamping ki) jarit sing dianggo ing wong wadon; 2 samak ut. buntêling buku, blêbêding jagung lsp; gondhelan poncoding [x] pr. wong lanang sing tutburi sing wadon; kêsasaban [x] pr. wong lanang sing sarwa kalah karo sing wadon; di-[x]-i. 1 diênggoni tapih; 2 disamaki ut. dibuntêl tmr. buku; [x]-an. nganggo tapih.
tapir: kn. sênuk.
tapis: kn. nganti rêsik (tliti bangêt) ora ana sing kêliwatan; di-[x](ake). digarap (dipriksa lsp) nganti tapis bangêt.
tapyan: br. tapihan.
taplak: I kn. satêmêne, nyata bangêt; kc. samplak. II kn. lawon lsp. lèmèk meja; di-[x]-i. dilèmèki taplak.
taplêk: êngg. kn. linggih (tumèmplèk) ora owah-owah.

tapuk: I êngg. kn. topèng (tontonan). II di-[x] kn. ditampêk raine; napuk rai pr. mirangake kasumurupan ing wong akèh. III kn. wiwit, bêbarêngan miwiti; di-[x]-ake. diwiwiti tmr. pakumpulan lsp.
tapung: kn. ngêtrapake kukusan sing wis isi bêras ing dandang. napung. ngisèkake bêras ing kukusan; ngaru napung pr. nandhang kasusahan (nêpsu) matumpa-tumpa.
tapsila: kn. tata-kramaning solah tingkah.
tapsir: I (A) kn. katêrangan têgêsing têtêmbungan ing koran; di-[x]-i. dimaknani, ditêrangake. II di-[x] êngg. ditêksir, dikira-kira; kc. têksir.
tapsirih: kn. wadhah suruh ing kinangan.
tapwa: kw. ak. durung, nanging.
tar: I kw. ora. II (W) kn. ar. panganan.
tara: I kn. wc. antara. dina [x]. dina sing ora dianggo ngibadah yaiku dina lumrah (saliyane Jumuwah); mangsa [x]. mangsa sing sêla (up. ing mangsa udan banjur ora ana udan); sasi [x]. sasi sing ora dikudokake pasa (sasi saliyane Ramêlan, Sawal lan Bêsar); sabên tara-mangsa. sabên satêngah taun. II (S) kw. 1 rêsik; 2 sorot, pêpadhang; 3 lintang; 4 swara sêru.
tarab: I kw. kèl (nggarap banyu); [x]-an ki. slamêtan nalikane kèl sing kawitan. II di-[x]-ake br. dibuwang dipakakake kewan galak tmr. mayid. III lêmah [x]-an êngg. lêmah wêdhi campur karo lêmpung.
taragnyana: kw. têluh panênungan (nganakake lêlara lsp).
tarak: (A) kn. sêsirik, mati-raga, tapa.
taraka: (S) kw. 1 têlênging mata; 2 lintang; 3 kêkasih, sing tinrêsnan.
tarak-brata: br. nglakoni tapa.
taraksa: (S) kw. asu ajag.
tara-mangsa: I kn. mangsa saantarane rêndhêng karo kêtiga. II di-(tadhah) [x] br. dipangan tmr. kewan galak lsp.
tarambuja: (S) kw. sêmangka.
taranjana: kw. têluh panênungan; kc. taragnyana.
tarantara: kw. ora antara.
(tarang): di-[x] kn. digantung (didokok ing papan sing dhuwur) supaya awèt tmr. jagung lsp; pa-[x]-an. mêrang lsp. kadèkèk ing songgom katata kaya susuh (kanggo ngêndhog pitik); matarangan. munggah ing patarangan.
--- 594 ---
taranggana ~ (tatak).
taranggana: (S) kw. (gêgolonganing) lintang.
tarap: kw. katon akèh jèjèr-jèjèr.
(tarbuka): di-[x] kn. 1 (atine) olèh wêwêngan ing budi, bisa mangêrti; 2 (ut. ditarbukani) diwènèhi katêrangan bab impèn lsp; 3 diwêca.
tarèk: (A) kn. mèlu mlêbu ing golonganing wong sing ngudi kasampurnan Islam.
tarekah: kn. 1 dêdalan, sarana; 2 kalakuan, solah tingkah; kc. tarekat, trekah.
tarekat: (A) kn. dalan marang kasampurnan Islam, kawruh anggêr sarta kawajiban Islam.

tarèn: n. tantunan k. 1 takon (njaluk) rêmbug marang liyan; 2 rêmbugan; 3 wong sing dijaluki rêmbug; kc. tari, patarèn.
(tari: n. tantun k) di-[x]. 1 ditakoni gêlêm lan orane; 2 dijaluki rêmbug; di-[x]-[x], ditarèni. dijaluki rêmbug (têtimbangan); kc. tarèn, patarèn.
tarib: kn. têbêng, aling-aling; kc. tarip.
tarik: 1 kw. bantêr, rikat bangêt tmr. prahara; 2 kn. laris, payu bangêt; di-[x]. 1 digèndèng, digèrèd, dicènèng; 2 diunus tmr. pêdhang, kêris lsp; 3 dijaluki dhuwit (pajêg, beya, kontribusi lsp); 4 ditimbali ing pangadilan; 5 êngg. katut kêsangkut ing prakara; [x]-an. 1 gendengan, seredan; 2 (layang [x]-an) layang timbalan saka pangadilan; 3 padha ditarik dianggo urunan, dhuwit sing dianggo urunan; 4 (ut. tarigan êngg) bngs. caping sing digawe godhong gêbang; 5 êngg. kêna diêlêbi ing banyu.
tarima: n. tarimah k. kc. trima.
taring: I êngg. wadhah abrag pawon. II di-[x]-[x] êngg. kn. dicoba, disêmantakake.
tarip: I kn. tèdhèng (aling-aling) sing digantungake ing tritisan lsp. sing digawe kepang ut. kajang. II (W) kn. cathêtan (daftar) katêranganing rêga, lakuning sêpur lsp.
tarka: (S) 1 kw. pangira, kawruh kawicaksanan (filsafat); 2 kn. nyana, dakwa; di-[x]. didakwa, dikira nglakoni ala; kc. têrka.
tarkadhang: kn. sok, bok manawa.
tarki: (A) kn. munggah; kc. tanajul.
tarlèn: kw. ora liya.
tarmolah: kw. manggon, dêdunung.
taru: (S) kw. wit, wit-witan.
tarub: I kn. payon kajang lsp. sing dianggo ing sawatara mangsa (nalikane duwe gawe lsp); têtarub. gawe tarub; di-[x]-i. didokoki tarub. II kw. kumpul, nglumpuk; di-[x]-ake. dikumpulake, diklumpukakake tmr. wong.
taruh, taroh: I êngg. wanuh. II di-[x] êngg. didèkèkake, disèlèhake, dipapanake.
(taruk, tarok): di-[x] êngg. didèkèkake, disèlèhake.
tarulata: kw. gêgodhongan.
tarum: êngg. kn. tom.
taruna: (S) kw. ênom, nonoman; tumaruna. katon ênom, nêdhêng ênom.
taruni: (S) kw. 1 bocah wadon; 2 ênom.
tarung: 1 n. tanglêd k. têmpukan, têtumbukan, kêrêngan tmr. kewan; 2 kn. ar. têtêngêr sandhangan (...); di-[x]-ake. diêdu.
(taros): êngg. k. tari.
tarpa: kw. tanpa.
tarpana: (S) kw. sêsaji, kurban, amrih marêm; tumarpana. marêm, sênêng.
tarsandha: kn. pratandha.
tarwa: kw. wit, wit-witan; kc. taru.
tarwèh: kn. kc. trawèh.

tarwiyah: (A) kn. trawèh.
tarwela: kw. wela-wela, cêtha.
tas: I pc. mêntas (lagi bae). II (W) kn. wadhah buku sing digawe wlulang lsp.
tasan: pc. padusan ut. papan kanggo ngumbahi ing pinggir kali; kc. pêntasan.
tasawup: (A) kn. ngèlmu gaib bab ka-Allahan.
tasbèh: (A) kn. rentengan mêrjan lsp. dianggo ngetungi yèn pinuju dhikir.
tasblang: êngg. kn. gamblang, cêtha.
tasdik: (A) kn. waskitha, bisa wêruh sadurunge winarah; di-[x]-ake. dinyatakake, diyakinake.
(tasi): anasi kw. ngêmis.
tasih: êngg. k. isih; kc. taksih.
tasiyun: êngg. pc. sêtatsiyun.
tasik: I kw. sêgara. II ki. pupur; [x]-an ki. pupuran.
taskara: (S) kw. maling, begal.
taslim: (A) kn. slamêt, ora ana sakara-kara.
tasmat: (S) kw. mulane.
tastêmèn: (W) kn. wasiyat, prajanjian.
tas-tès: kn. tansah tètès; kc. tès.
tata: I kn. 1 bêciking pangêtrap (pasang rakit); 2 bêcik pangêtrape (pasang rakite), mawa aturan sing bêcik; 3 masang, mrênah-mrênahake, up. [x] baris, [x] linggih, [x] dhahar; 4 cara kang bêcik, suba-sita, up. ora [x], murang [x], tinggal [x]; [x]-[x]. cêpak-cêpak, cêcawis; tumata. wis sarwa tata; di-[x]. diprênah-prênahake (dirakit) supaya tata; panata br. 1 ênggone nata; 2 wong sing nata, up. panata gama(agama); tatanan. 1 apa-apa sing wis ditata; 2 pasang-rakit, dhapukan. II 1 (ut. satata) (S) kw. tansah; 2 (ut. tatagata) kw. angin, cs. 5.
tatab: kn. 1 thuthuk, panuthuk; 2 godhong kelor saombyok sing dianggo nggêpyoki wong sing kêpanjingan setan; natab. 1 nuthuk, nabuh, up. natab gêndhing kala-ganjur; 2 numbuk, mbêntus; di-[x]-i. digledhah; kc. tataban, tratab.
tataban: I êngg. 1 tumbukan; 2 kayu (blabag) jrambahing gêdhogan, krêtêg lsp; 3 plangitan. II êngg. gori.
tata-basa: kn. unggah-ungguh panganggoning têtêmbungan.
tatag: kn. tanpa duwe uwas-sumêlang; kc. têtêg.
tatah: kn. 1 wilahan wêsi pucuke landhêp dianggo piranti tukang kayu lsp; 2 pasah. ngêthok untu ngarêp; di-[x]. digarap nganggo tatah; tinatah mêndat, jinara mèntèr br. atos bangêt (digdaya).
tatak): [x]-an kn. 1 dhingkêl (ganjêl) sanggan lêmari lsp; 2 lèpèk (cawan) sanggan gêlas.
--- 595 ---
tatakrama ~ tèblèg.
tatakrama: kn. unggah-ungguhing gunêm tuwin tindak-tanduk.

tatal: kn. 1 cowèlan kayu sing dipêcèli, kêsrikan kayu sing dipasah; 2 ([x]-tau) tètèr, wis dicoba nindakake; 3 ([x]-e, [x]-ane) tandha yêkti kapirid saka lêlakon sing wis dialami; mêrangi [x] pr. mindho gawèni; ke-[x]-an. wis tau kêlakon, wis nyata marga wis tau kêlakon.
tata-lair: kn. miturut kaanane ing lair.
tatan: I ora [x] kn. ora lumrah; kc. tata. II kw. ora; kc. tan.
tatanan: kn. kc. tata.
tatapi: (S) êngg. nanging; kc. tanapi.
tata-prênah: kn. pêprênahaning sanak sêdulur.
tata-prunggu: kn. unggah-ungguhing pakurmatan.
tatar: I (ut. [x]-an) kn. 1 cowèlan ing wit krambil lsp. dianggo pancadan mènèk; 2 ambal, undhak-undhakan; natar br. munggah, panataran br. unggah-unggahan, undhak-undhakan. II kw. ora; kc. tatan.
tatarpa: kw. tanpa.
tatas: 1 kn. pêdhot (rantas) babar pisan; 2 (ut. [x]-titis) trêp ora ana sing kêliwatan tmr. gunêm lsp; 3 ([x] rahina, [x] enjing) br. byar rahina; di-[x]. dipêdhot; sawêngi natas; sawêngi muput têkan esuk; kc. tratas.
tata-têntrêm: kn. ora ana rêrusuh.
tata-titi: br. tamat, katam.
tata-cara: kn. padatan sing kalumrah.
tate: kn. wis tau nindakake; kc. tau.
(tating): tumating kw. kumlawe, kumlèmbrèh; di-[x] êngg. ditanting.
tatkala: (S) êngg. kn. nalika.
tatu: kn. 1 tilasing kêna ing gêgaman, gêni lsp; 2 (ut. kêtaton) kêna ing gêgaman, gêni lsp; [x] atine. sêrik; milang [x] pr. ngetung sarta nggêtuni kapitunane; ditatoni. 1 ditamani gêgaman lsp. nganti tatu; 2 (-atine) disêrikake atine.
(tatur): I di-[x] kn. 1 dikon ngadêg sikile mlêngkang tmr. jaran; 2 diotong ut. dipangku sikile dijongkèng munggah tmr. bocah bêbanyu. II mas [x] kw. mas murni; tinatur rêngga. rinêngga ing mas murni.
tatrap: kn. 1 trêp cocog; 2 êngg. wis wiwit tumandang; [x] -an. caraning nindakake (ngêcakake); kc. trap. patrap.
tatya: (S) kw. nyata, kanyataan.
tatwa: (S) kw. 1 kahanan sing sanyatane, dat; 2 crita.
tatha: (S) kw. têpi, bambing, watês.
tathaka: (S) kw. tlaga, blumbang.
tawa: I kn. 1 tawar, cabar (ora ampuh, ora mandi); 2 kalis saka, ora pasah ing, up. [x] ing wisa; 3 (banyu [x]) banyu wantah (ora asin); di-[x]. ditawarake, diilangake daya kaampuhane; panawa. sarana kanggo nawa wisa lsp; kc. tawar. II n. tawi k. 1 kandha arêp mènèhi apa-apa marang; 2 kandha (nuduhake) apa-apa supaya dituku; 3 ngandhakake rêgane barang supaya diênyang; ditawani. dituduhi apa-apa supaya dituku, diêpèk lsp. III wc. utawa.
tawakup: (A) kn. pangrasa babagan agama.

tawan: I (ut. [x]-an) kn. wong sing tumiba ing tanganing mungsuh; di-[x], ke-[x]. kêcêkêl ing mungsuh. II [x] kanin kw. nandhang tatu; [x]-[x] tangis br. têka (mlayu) karo nangis; atêtawan. mlayu-mlayu.
tawang: I kw. awang-awang, langit; nggayuh ing [x] pr. nggayuh apa-apa sing mokal-mokal; [x]-an êngg. papan sing jênggar (ora kayoman). II kw. sêmu, katone; di-[x]-ake kn. namatake apa-apa sing sumrawang sarana dipênêrake ing pêpadhang.
tawang-tuwang:(towang) kn. 1 awang-uwung; 2 sêpi ora ana apa-apa.
tawap: (A) kn. 1 sêmbahyang ngubêngi kaäba ing Mekah; 2 mênyang ing papan suci.
tawar: I kn. tawa, ilang dayane, mari wingit (angkêr); 2 êngg. tanpa rasa, cêmplang; 3 êngg. tawa (banyu); di-[x]. ditawa, diilangake ampuhe lsp; panawar. sarana kanggo nawar. II êngg. tawa; di-[x]. diênyang.
tawarên: êngg. kn. sikile abuh tmr. wong mêntas duwe anak.
tawas: I kn. ar, jasad rupane putih kaya gula. II êngg. pituwasing kangelan; kc. tuwas. III êngg. tiwas.
tawêkal: (A) kn. 1 (sabar [x]) sabar sarta sarèh ing sajroning nandhang kasusahan; 2 kukuh sarta santosa atine; 3 kumandêl, ora jirih.
tawêng: kw. tutup, aling-aling; di-[x]-(i). dilimputi, ditutupi.
tawi: k. tawa.
tawil: (A) kn. dawa (umure).
tawing: kn. aling-aling, tèbèng ing bambinging prau lsp; di-[x]-i. dialing-alingi ing tawing; a-[x] tangan (asta) br. tangane kajêbèbèhake ing sadhuwuring mata supaya cêtha panyawange.
(tawu): di-[x] kn. 1 diêsat banyune; 2 diêsat banyune supaya kêna iwake.
tawung: br. tawêng, tawing.
tawur: kn. 1 udhik-udhik (nyêbar dhuwit minangka sêdhêkah); 2 wong sing dipatèni (mati) minangka kurban; dadi [x]. dadi kurban (bêbantên); di-[x]. 1 disêbar, disawur-sawurake; 2 êngg. dijèrèng lan ditibakake tmr. jala; ke-[x]. wis ora kasumurupan (katon) marga campur; ke-[x]-[x]. ora kopèn, kêtula-tula.
tawon: kn. ar. kewan bngs. kombang, jinise warna-warna kyt. [x] êndhas, [x] gula, [x] kêmit, [x] suk lsp; byung-byung [x] kambu pr. mung mèlu-mèlu ombyaking akèh; tumawon. gumrênggêng rame tmr. swaraning pasar.
tawwan: kw. tawon.
(tawwang): manawwang kw. mbêngok, nggêro.
tèbèng: êngg. kn. tèdhèng, aling-aling.
tèbès: kn. mlipis tmr. wiron lsp.
tebyan, tebyas: êngg. kn. ora prêdulèn, tegan.
tèblèg: êngg. pc. panggah, wêntala, ora owah gingsir.
--- 596 ---
tebok ~ (templok).
tebok: kn. bngs. tampah wêngkune wilahan pring.

teja: kn. sorot, kluwung.
teja bathang: kn. teja sing malang.
tèji: kn. jinising jaran gêdhe.
tèdhèng: kn. 1 apa-apa sing dianggo aling-aling murih aja kêpanasan (kodanan lsp); 2 jêbèbèhing topi pèt lsp; 3 êngg. bngs. caping; 4 prakara sing dianggo nutupi wêwadine, samudana; ora [x] aling-aling pr. nindakake apa-apa kalawan ngêblak (blaka); di-[x]-i. ditutupi, dialing-alingi.
tèdhès: êngg. pc. êntèk babar pisan.
tedho: (k) kn. tebok.
tega: 1 kw. wis ninggal kadonyan; 2 kw. pandhita tapa; 3 kn. ora duwe owêl, tanpa uwas sumêlang, tanpa wêlas; ora [x]. duwe sumêlang; [x] larane, ora [x] patine pr. sêduluran lsp. yèn ana sangsarane mêksa ora tega; ditegakake. diculake tanpa was sumêlang; kategan kw. 1 kasutapan, kapandhitan; 2 papaning pandhita.
tegan: ut. [x]-an kn. (watake) gampang tega marang.
tege: êngg. bngs. tenggok ut. kranjang wadhah wowohan.
(tègèg): nègèg êngg. pc. linggih njonggros.
tègêl: I êngg. tiba. II (W) kn. jubin pêsagèn sing digawe sêmèn.
tegin: êngg. isih.
(tegong): [x]-an êngg. pc. tikungan, enggok-enggokan.
(tegos): di-[x] êngg. diiris (digunting) mèncèng.
tèh: I (C) kn. ar. wit godhonge digaringake dianggo wedangan; pa-[x]-an. 1 lèngsèr sarta nyo wadhah wedang tèh; 2 papan kanggo lêladi wedang. II di-[x]-ake pc. 1 dijlèntrèhake, ditêrangake; 2 dijalukake katêrangan; kc. tètèh.
tèyèng: kn. bisa.
tèyèr: ks. uyuh.
teka: kw. iku mau (ta + ika).
tekad: (A) kn. 1 kaantêpaning ati; 2 sêdya sing kinanthèn kas ing ati; nekad. tumindak kalawan ngukuhi panêmune dhewe (ora prêduli apa-apa); nekad praya pr. ora prêduli apa-apa; di-[x]-i. ditindakake miturut tekade dhewe; [x]-[x]-an. nindakake apa-apa ora nganggo digagas dawa-dawa (ora prêduli).
tekang: kw. (ta + ikang) têmbung pamilah sing cumêtha; up. [x] surya.
(tèkèng): kw-[x]-[x] êngg. pc. tansah nandhang sangsara (kalah lsp).
tèkên: (W) kn. 1 tandha-tangan; 2 pc. katerangan sing ditandha-tangani; 2 nulis tandha-tangan; 4 pc. wis cocog karo, wis wani tanggung; di-[x]-i. ditandha-tangani.
tèki: I êngg. kn. pinggiring bêbatur. II kw. tapa; kc. taki.
tekian: êngg. kn. bathon, royoman.
teko: (C) kn. porong sing digawe lêmpung dianggo ngadoni wedang tèh.
tekok, tekon: êngg. n. takon.
tekong: kn. nisih sarta mèncèng tmr. buntut; [x]-an pc. tikungan.
tèkpo: (C) kn. ar. mainan nganggo kêrtu cilik.
tèkte: (C) kn. bayaran têmpah sewan omah.

tela: I ut. têtela, [x]-[x] kn. 1 katon têrang (cêtha); 2 kacêtha, têrang yèn; nelakake. 1 nêrangake, nuduhake kalawan cêtha; 2 mrahcinani,[8] mratandhani; 3 masajakake, mblakakake; kc. pratela. II pc. kêtela.
telad: kn. tulad; di-[x]. ditiru, diemba, diconto.
telak: kn. 1 ([x]-e) katone, sêmune; 2 (ut. têtelakan) katon têtela yèn; kc. tela.
telap-tèlêp: kn. mangan dhokoh; kc. tèlêp.
tèlèng:, olèh [x] pc. olèh ungup-ungup bêcik.
tèlèr: ks. 1 umbêl; 2 kopok; ora [x] ks. ora bisa; [x]-ên ks. kopokên.
tèlès: ora [x] ks. ora bisa.
tèlêp: mak [x] kn. katêranganing ngêmplok; di-[x] pc. 1 diêmplok; 2 dislingkuhake.
(temah): êngg. k. tomah.
tembak: I kn. jêjêl, kêbak bangêt tmr. wong linggih lsp. II di-[x] êngg. ditiru, ditulad; kc. emba, embak. III di-[x] êngg. dibêdhil.
(tèmbèl): I di-[x] kn. ditambal. II kn. bêlang ut. bithêt tilas lêlara kulit.
tèmbèr: êngg. kn. 1 tanpa daya, tanpa aji, sapele; 2 kasar; kc. tambar.
tèmbêl: mak [x] pc. katêranganing kêna, kêtaman lsp.
tèmblèg: pc. tèblèg, tamblèg.
(temblok): di-[x] êngg. ditembok.
temblong: êngg. pc. kalah.
tembo: kn. ar. prau cilik; grubyug [x] pr. mèlu ombyaking akèh.
tembok: kn. 1 êngg. babagan, bêndungan; 2 (omah [x]) omah gêdhong; 3 pagêr bata; di-[x](i). 1 dilepa; 2 ditrapi tembok (pagêr bata lsp); 3 êngg. dibêndung; 4 dipopok ing malam (tmr. bathikan sing arêp digawe putih).
tembong: kn. blêntong irêng ing rai lsp.
tembor: êngg. kn. 1 saèm. dhulang sing digawe kuningan lsp. kanggo ngladèkake panganan lsp; 2 bngs. bokor kobokan.
tembre: êngg. pc. sapele, ora mingsra.
tempe: kn. ar. lawuh sing digawe kêdhêle lsp. diragi.
tèmpèh: êngg. kn. tampah.
tèmpèl: mondhok(ngindhung) [x] êngg. ngindhung ing pomahaning liyan; tumèmpèl. nèmplèk ing, ndhèmpèl; di-[x]-i. 1 ditèmplèki; 2 diiloni ing wong, dipanjingi setan.
tèmpèn: ikêt-ikêtan [x] êngg. ikêt-ikêtan jêplakan (ing têngah mênga).
(tèmpêr): ke-[x] kn. 1 klêngêr, sumaput; 2 kalah.
tèmplèk: kn. 1 mung tumèmpèl ing; 2 pc. wis rakêt bangêt; 3 pc. jêjêl uyêl-uyêlan; 3 (toko [x]) toko cilik-cilikan (ing wayah bêngi); tumèmplèk, nèmplèk. tumèmpèl, rakêt ing; di-[x]-i. 1 dirakêti, ditèmpèli; 2 diiloni, dinunuti.
(templok): tumemplok, nemplok kn. 1 tumèmpèl ing, rumakêt ing (tmr. barang sing gêdhe); 2 mèlu, nunut urip;
--- 597 ---
di-[x]-i. 1 ditèmplèki, dirakêti; 2 ditèmpèli, diiloni.
templong ~ têbah.
templong: êngg. kn. blênyik.

tempo: (P) kn. 1 êngg. pc. waktu, mangsa; 2 waktu sing dianggo sêmayan ut. wêwangênan, up. diwènèhi [x] rong sasi; 3 (wis [x]) lèrèn ênggone nyambut gawe lsp; isih [x]. isih tamban (durung kêsusu); ora tau [x]. ora tau nganggur; tempone êngg. ing nalikane. ditempokake. 1 dilèrènake, dijugarake ênggone prajanjian; 2 êngg. diêdol sarana diutangake pambayare ditêtêpake waktune.
(tempong): di-[x] êngg. ditapuk pipine; kc. tepong.
tèn: I êngg. kn. (wc. pangantèn) panyêbut marang wong lanang (wis rabi nanging isih ênom). II êngg. kn. bolonganing jaring.
tenja: êngg. k. tai; kc. tinja.
tendha: (P) kn. 1 thonthor, payoning kreta; 2 lawon lsp. plangitaning paturon; 3 êngg. motha (layar) dianggo eyub-eyub.
tenong: kn. ar. wadhah awangun bundêr nganggo tutup sing digawe nam-naman pring (dianggo wadhah panganan lsp).
tèn-tèn: êngg. kn. atèn-atèning pring.
tèng: I kn. (sê-[x]) 5 dhuwit (wang); karo [x]. 15 dhuwit (12½ sèn); têlu [x]. 25 dhuwit (± 20 sèn); kapat [x]. 35 dhuwit (± 27½ sèn); klima [x]. 45 dhuwit (± 37½ sèn). II êngg. ting (diyan). III di-[x]-i êngg. didondomi murih aja kêlandhungên tmr. klambi lsp. IV (W) kn. 1 wêsi wadhah lênga ing diyan pompan; 2 montor waja (piranti pêpêrangan).
tenge: mulat [x] pr. tansah krasa kangên.
tèngèng: kn. kaku sarta mèncèng tmr. gulu (githok).
tenggok: kn. sênik cilik.
(tenggor): ke-[x] êngg. pc. kêtanggor; kc. tanggor.
(tenggrok): êngg. pc. tanggor, tanggrok.
tèngkèk: I kn. ar. manuk. II ke-[x]-[x] êngg. pc. tansah nandhang kacilakan.
(tènglèng): di-[x]-ake êngg. pc. gulune diènglèngake.
(tengok): di-[x] êngg. pc. didêlêng, diungak (diinguk).
(tengos): di-[x] êngg. diiris lsp. mèncèng; [x]-an. irisan lsp. mèncèng.
tèngsu: kw. rêmbulan, sasi.
tèngsun: kw. (wc. katèngsun) kandhaku.
tenyok: êngg. pc. kalah.
tepak: kn. 1 tembor kayu; 2 êngg. wadhah kinang lsp. sing digawe kayu; kc. lepak, tlepak.
(tepang): di-[x] kn. ditêndhang (sing ditamakake iringaning sikil).
tepas: I kn. bngs. ilir garane jêjêg kanggo ngêbuti gêni; di-[x]-i. dikêbuti nganggo tepas. II di-[x]-i êngg. diklèthèki sêpête tmr. krambil.
teple: êngg. kn. blêkêtepe.
tèplêk: mak [x] kn. mencok (kêna, tumama lsp) trêp bangêt.
teplok: kn. 1 (diyan [x], lampu [x]) diyan sing dicanthèlake ing tembok lsp; 2 pc. wiwit ing nalika; kc. templok.
tepong: kn. bokong perangan ngisor (tmr. jaran lsp); di-[x](i). 1 digitik (disabêt lsp) ing tepong; 2 êngg. dipopoki amrih kukuh tmr. galêngan; kc. tempong.

tepos: kn. 1 ora mblêndhuk (tanpa daging) tmr. bokong; 2 pc. ora maju-maju, ora munggah-munggah pangkate; di-[x]. dicablèk bokonge.
tèrèk: êngg. kn. pilis.
tèrèp: êngg. kn. tarap, rantap.
tèrès, tèrês: kn. gincu, bngs. nopal abang dianggo ngabang lambe.
tèrob, tèrop: êngg. kn. tarub.
(tèrok): [x]-[x] êngg. pc. tiru-tiru; di-[x]-ake. ditirokake.
terong: kn. ar. woh kêna dikêla.
tèrsiyèr: (W) kn. ilèn-ilèn banyu kanggo ngêlêbi pasawahan (wêwêngkoning padesan).
tès: mak [x] kn. katêrangan tumibaning banyu, luh lsp; [x]-ing banyu br. tumètèsing banyu; [x]-ing dhawuh br. tumibaning dhawuh; [x]-[x]-an. tansah tètès; kc. tètès.
tèsèk: I kn. ar. wit kayune digawe têkên ut. pênthung. II kn. kêmiri sing atos (ênggone awoh ana ing wite). III kn. pèsèk.
(tetah): di-[x] kn. 1 diajari mlaku tmr. bocah cilik; 2 diajar, dilêlantih.
(tètèg): I di-[x](i) kn. dikêtab-kêtabake (dikêtogake lsp) supaya ilang rêrêgêde, disranani supaya ulêre mêtu tmr. lara untu. II kn. 1 bumbung diclèwèr dianggo wadhah jangkrik ut. dianggo adu jangkrik; 2 gêjligan pintu air.
tètèh: kn. cêtha sarta têrang ênggone gunêman.
tètèk: pc. susu; di-[x]-i. disusoni.
tetela: kn. cêtha (têrang) bangêt; kc. tela.
tètèr: I kn. leleran kanyataaning kaluwihan (kapintêran lsp) di-[x]. dicoba arêp disumurupi kapunjulane lsp. II kn. ar. kewan bngs. bubuk; [x]-ên. dipangan ing tètèr.
tètès: kn. 1 prênthuling banyu lsp. sing tumiba; 2 tumiba saka sathithik tmr. banyu lsp; 3 kilang têbu; 4 nyata trêp kêlakon tmr. gunêm, wêwêcan lsp; 5 cocog karo; tumètès. mancur tètès; nètèsi. 1 tètès ngênani; 2 ngêtrêpi, cocog karo.
tèwèl: pc. gori ênom; kc. kêtèwèl.
(tèwèr): ke-[x]-[x] kn. kêtiwar-tiwar, ora kopèn.
têba: kn. papan sing jêmbar kêna dianggo pasaban golèk pangan (palêrêban, anjrak lsp); ana ing [x]. ana ing paran; jêmbar [x]-ne. jêmbar jajahane (bisa mratani); nêba. anjrah (ambyuk) ana ing papan sing mluwa, ambyuk bêbarêngan ana ing sawah lsp. (tmr. manuk lsp).
têbah: I (sa-[x]) kn. saambane èpèk-èpèk; têtêbah, [x]-[x]. ngrêsiki ambèn lsp.
--- 598 ---
nganggo kêlud; di-[x] êngg. didhodhog ing tangan sing kaêgarake; di-[x]-i. dirêsiki nganggo kêlud lsp. II di-[x] êngg. ditrajang, ditêmpuh. III êngg. k. adoh; kc. têbih.
têbah jaja ~ têgêr.
têbah jaja: ki. têbah dhadha kn. dhodhog-dhodhog dhadha.
têbah-malang: kn. saambane èpèk-èpèk wuwuh jêmpol kacongatake.
têbah têmbung: br. njêjaluk kanthi alad-alad têtêmbungan.

(têbak): I di-[x] kn. ditubruk (tangane katamakake dhisik), didêkêp kanthi mêncolot. II sa-[x] kn. salirangan gêdhèg. III di-[x] êngg. dibabadi, dibukak.
(têbal): di-[x] êngg. dipacul dikatutake lêmahe.
(têbang): di-[x] êngg. ditêgor, dirêmbang tmr. têbu.
têbaruk: pc. bêrkah.
(têbas): di-[x] kn. 1 dituku kabèh tmr. woh-wohan sing isih ana ing wit, dituku (didhuwiti dhisik) sadurunge panèn tmr. pari lsp; 2 dibayari dhisik (saèmpêr diutangi) panyaure wujud pamêtu ut. blanjane; 3 diborong (tmr. pagawean, tontonan lsp).
(têbêk): di-[x] êngg. ditêbak.
têbêl: kn. 1 krasa sêpêt ut. pêndul tmr. mata; 2 êngg. pc. kandêl.
têbêla: kn. pêthi mayit; kc. tabêla.
têbêng: I kn. 1 aling-aling ing pinggiring payon (tritisan); 2 kayu palangan ing sadhuwuring cêndhela ut. lawang; di-[x]-i. ditrapi têbêng; [x]-an êngg. sênthongan diubêngi klambu. II êngg. nêdhêng-nêdhênge, lagi bae; [x]-[x] êngg. sêdhêngan, lumayan. III ut. [x]-an kn. klumpukan rêrêmbugan.
têbêri: pc. srêgêp; kc. tabêri.
(têbês): di-[x] êngg. dipancas, ditêgor.
têbih: k. adoh.
têbiyas: êngg. kentas, nasar.
têbiyat: kn. watak, kamanuhan; kc. tabiyat.
têbiran: pc. klumpukan sarta padha pujian; kc. takbir.
têbu: I n. rosan k. ar. têtuwuhan wite dijupuk banyune digawe gula; [x] tuwuh socane pr. prakara sing wis bêcik, dadi jugar marga ana sing nyetani; milih-milih [x] pr. milih golèk sing luwih bêcik, malah olèh ala; nêbu sauyun pr. rukun golong padha wangsane; kc. têbon. III ditêtêbu kn. dikon mlaku sawatara dohe (tmr. bocah cilik ing sajroning lêlungan).
têbu-kasol: kn. ar. têmbang gêdhe.
(têbus): di-[x] kn. 1 dijaluk bali kanthi mbayar dhuwit tmr. barang gadhean, tawanan lsp; 2 gênti disoali cangkriman (marga ora bisa mbatang); di-[x]-i. 1 ditêbus mawali-wali ut. barange akèh; 2 diwènèhi sajèn lsp. murih aja gêndhak sikara.
têbus wêtêng: êngg. tingkêb.
têbok: I kn. blabag sing ditèmplèkake ut. dianjingake dianggo tambal, pikukuh lsp; di-[x]. ditrapi têbok. II di-[x] êngg. dibacok, dicacah. III êngg. pc. ngênêr marani, mara arêp têtakon; di-[x] êngg. pc. dikandhani.
têbon: I kn. wit jagung. II ut. patêbon kn. têgal sing ditanduri têbu.
têdah: k. tuduh.
têdha: k. pangan; dipun-[x] k. dipangan; 2 dijaluk.
têdhak: I ki. 1 turun; 2 mudhun; 3 (ut. [x]-an) mudhun saka ing kraton tmr. panjênênganing nata; dipun-[x] k. diturun tmr. layang lsp; di-[x]-i ki. 1 dituruni, diudhuni; 2 diparani; [x]-an. 1 k. turunan (layang lsp); 2

ki. turunan; 3 ki. miyosan saka ing kraton. II di-[x] êngg. ditêrak, ditrajang, dirusak ing kewan tmr. tanduran lsp.
têdhak loji: kn. miyos mênyang Gupênuran (yèn kabênêr wiyosan dalêm Srimaharaja Putri).
têdhak siti: kn. slamêtan ing nalikane bocah cilik wiwit diudhunake ing lêmah.
têdhan: ut. têtêdhan k. 1 panganan; 2 êngg. k. pakan; dipun-[x]-i k. 1 dipangani; 2 dipakani; 3 dijaluki; kc. patêdhan.
têdhas: kn. 1 bisa tumama ing (natoni), bisa mamah; 2 pasah, up. ora [x] ing gêgaman; 3 ent. doyan, wis manuh; nêdhas. (kulite) padha thithal lsp. marga kêtaman sabun sing kêras lsp; di-[x]-i. ditatoni, ditamani.
têdhasih: êngg. kn. kêdhasih.
têdhi: êngg. k. pangan; dipun-[x] k. 1 dipangan; 2 dijaluk; kc. têdha.
têdhuh: êngg. kn. 1 timbrêng; 2 mêndhung; 3 lêrêm tmr. prahara.
têdhun: kn. mlorod, mudhun; tumêdhun. mudhun; di-[x]-ake êngg. pc. diudhunake rêgane; kê-[x]. 1 kêplorod, kêlorod pangkate; 2 lara impêse mlorod.
(têg): I di-[x]-(i) êngg. pc. ditêtêgi. II di-[x]-ake êngg. pc. ditogake.
(têgah): di-[x] êngg. kn. dicêgah, diampah.
têgayur: kn. obah owah, molah-malih.
têgal: I (ut. [x]-an) n. têgil ([x]-an) k. 1 êngg. ara-ara, wêwêngkon; 2 palêmahan sing ditanduri palawija lsp. tanpa diêlêbi banyu; 3 (ut. têtêgal) nggarap (nênandur) ing palêmahan sing tanpa diêlêbi banyu; pa-[x]-an. palêmahan sing digawe têgal. II [x] apa êngg. geneya, sêbab apa.
têgar: (ut. (tê)[x]-an) kn. nunggang jaran diplayok-playokake kanggo kasukan; nêgar. mlayu bantêr tmr. jaran; di-[x]-i. diajari sarana ditunggangi; panêgar. tukang ngajari jaran tunggangan.
têgari: kn. ar. wit.
têgaron: kn. ar. wit.
têgêg: kn. têgêl, tahan, wêntala.
têgêl: kn. 1 ora wigih-wigih, ora jijik; 2 wêntala, ora duwe wêlas; di-[x]-i. dilakoni (digarap lsp) kalawan têgêl.
têgên: kn. 1 panggah, kalawan tlatèn ora kêmba; 2 têgêl.
têgêng: kn. têguh, kukuh.
têgêp: kw. cukat, sigrak, kêndêl.
têgêr: êngg. kn. 1 kukuh, ora owah-owah;
--- 599 ---
2 pênêr (ora menggak-menggok); di-[x]-i êngg. dikukuhi (dikêncêng) ênggone nyêkêl.
têgêrak ~ têlêng.
têgêrak: êngg. kn. ora loh sarta akèh padhas-padhase).
têgêrang: kn. ar. kayu dianggo nguning babaran (jarit).
têgêrat: kn. ar. kêmbang.
têgês: I kn. 1 makna, surasaning têtêmbungan lsp; 2 êngg. têrang, cêtha (gampang dingêrtèni); nêgês. mitêrang, golèk wangsiting dewa;

di-[x]-i. dijarwani, dimaknani, ditêrangake. II di-[x] kw. dipêdhot, diiris; [x]-an kn. turahaning rokok sing wis diudud. III kn. palu cilik dianggo nggarap mas-intên.
têgil: k. têgal.
têgyan: kw. têguh, têgên.
têguh: kn. 1 kukuh sêntosa, panggah; 2 kêdhot, ora pasah ing gêgaman; di-[x]-i. disêntosani, ditanggulangi kalawan sêntosa; ka-[x]-an. kadigdayan.
têguh-timbul: br. digdaya sarta sugih aji.
(têgor): I di-[x] kn. dirubuhake sarana dikêthok poke tmr. wit. II di-[x] êngg. dikandhani, dielikake.
(têhak): di-[x] kw. ak. disuduk.
têhêr: kw. banjur, sanalika banjur; tinêhêr. ditêrusake.
têk-: êngg. n. tak-, dak-.
têka: I n. dhatêng k. 1 (rawuh ki) anjog ing papan sing dituju, wis bali manèh saka ênggone lêlungan; 2 ([x] ing) tutug ing, nganti, kongsi; nênêka kn. têka saka liya nagara prêlu golèk panguripan lsp; ditêkani. 1 (dipundhatêngi k) diparani; 2 (dipundumugèni k) dipituruti, ditêtêpi (dituhoni) sing dadi panjaluke lsp; ditêkakake. 1 (dipundhatêngakên k) dikon têka, dikirimake saka; 2 (dipundumugèkakên k) ditutugake, dilantarake ing; kc. têkan, tumêka. II kn. têmbung kanggo rêrangkèning têtêmbungan sing nelakake sêrêng, anèh, gumun, maido lsp; kc. kok. III êngg. kn. saka, sangka.
têkabul: [x] ngèlmu kn. nampa wêjangan ngèlmu; kc. kabul.
têkabur: (A) kn. 1 ngunggul-unggulake awake, kumlungkung; 2 kibir, sêsongaran.
(têkak): I di-[x] kn. diênêtake (sarta dipêtêk) gulune. II kn. ar. manuk saba bêngi.
têkan: n. dumugi k. 1 (rawuh ki) têka ing, anjog ing; 2 nganti, kongsi, tutug ing; 2 bisa nggêpok ing.
têkap: kw. 1 têkan ing, nganti; 2 dening, marga dening, ênggone.
têkbiran: pc. takbiran; kc. takbir.
têkdir: pc. takdir.
têkèk: kn. bngs. cêcak gêdhe ulêse blorok; [x] mati ing ulone pr. nêmahi cilaka marga gunême dhewe; nêkèk. wis tuwa bangêt.
têkèng: br. têka ing.
têkerah: kn. trekah.
(têkêk): di-[x] êngg. ditêkak.
têkêm: kn. (sa-[x]) sagêgêman tangan; di-[x]. 1 digêgêm, dirêgêm; 2 diwêngku, dikuwasani, diêrèh.
têkên: kn. lantaran, rotan ki panjênêngan êngg. ki. kayu wuluhan lsp. dianggo congkok ut. cangkingan mlaku; suku jaja [x] janggut pr. sanadyan kêpêksa rêkasa mêksa dilakoni.
têkês: kn. kêthu sing digawe duk dicara rambut dianggo ing tontonan topèng.
têki: kn. bngs. sukêt êmpune enak dipangan (digawe êmping).
têkiyar: pc. sêtiyar, istiyar.

têkiyur: iman [x] kn. 1 gojag-gajêg pangandêle; 2 ora antêpan tmr. wong wadon.
têkik: kn. ar. wit.
(têkis): kê-[x]-an êngg. kn. konangan, kêwanguran.
têkyan: br. têkan.
têklim: êngg. kn. taklim.
(têkuk): di-[x] kn. 1 diukêl, dibêkuk banjur dilêmpit, dibêkuk; 2 pc. dikalahake, dikakahi; nêkuk. mbengkok, awangun tikungan; kê-[x]-[x] pc. tansah nandhang cilaka; [x]-an. 1 lêmpitan, apa-apa sing ditêkuk; 2 tikungan.
(têkung): nêkung kw. linggih sidhakêp muja sêmadi; [x]-an. sidhakêp muja sêmadi; kc. dêkung.
têkon: ks. watak.
(têksa): di-[x] pc. dipêksa.
têksaka: kw. ula; kc. taksaka.
têksih: pc. taksih.
têksila: pc. tapsila.
têksir: pc. taksir, tapsir.
têkwan: kw. sarta, malah, malah uga, mungguh ing.
têla: kn. 1 bêncah (plêkahan) ing lêmah marga kêgaringên; 2 êngg. mlêkah, rêngka; nêla. bêncah, rêngka.
têladha: pc. tuladha.
têlag: kn. kêntekan, nganti kasèp (ora ungsum woh-wohan); nêlag. panuju êntèk; kê-[x]-an. kêtêndhagan, kêntekan.
têlaga: kn. kc. talaga, tlaga.
(têlah): anêlah kw. ngarani; panêlah. aran, jênêng; kê-[x] kn. karan, kêlumrah diarani.
têlak: kn. peranganing cangkêm saburining cêthak; abot [x] karo anak pr. mung ngrêmbug pangane dhewe, ora ngrêmbug anake.
têlar: kn. 1 ara-ara; 2 palêmahan sing kêbak rawa-rawa.
têlas: k. êntèk.
têlat: (W) kn. kasèp.
têlèh: êngg. pc. têlih.
têlèk: kn. 1 tai pitik; 2 ks. tai.
têlèk lancung: kn. têlèk pitik sing lèdrèg.
têlèk manuk: kn. ênjêt; kc. tai manuk.
têlèk cabe: kn. têlèk pitik sing atos.
(têlêb): di-[x] kn. dislingkuhake, diênthêt, diêpèk têrus tmr. barang silihan; ke-[x]. 1 katut dislingkuhake; 2 kêtandhêgan pajêg lsp.
têlênan: kn. blabag lsp. dianggo landhêsan ngrajang lsp.
têlêng: I kn. thêlêng. II kn. 1 (wêwêngkon) sing jêro dhewe tmr. sêgara, tlaga, ati; 2 ent. kang bangêt dipêlêng [di...]
--- 600 ---
[...pêlêng] (dièsthi), up. dadi [x]-ing ati. III kn. ar. kêmbang warnane biru nom.
têlês ~ têmbilung.

têlês: kn. ngêmu banyu, ora garing; di-[x]-i. disiram supaya têlês; [x]-an. 1 sandhangan padinan; 2 (ut. pa-[x]-an) jarit lsp. sing dianggo pasatan adus; 3 (bngs. [x]-an) bangsa mutihan (wong sing mêmpên nglakoni agama).
têlês kêbês: kn. têlês kabèh, kêproh bangêt.
têlih: kn. 1 kanthongan kêndhangan ing guluning kewan dianggo pangrêmêtan pangan; 2 ks. wêtêng; 3 wadhuk patandhon banyu; nêlih. adol kewan iwèn.
têlik: I kn. wong sing ndingkik mungsuh; di-[x]. didingkik, diawasake barang polahe. II kn. bngs. wuwu (kanggo misaya wêlut).
têlik-sandi, têlik-sandi upaya: kw. têlik.
têlkim: pc. tlêkim.
têlkun: kn. kalkun.
têlu: n. tiga k. wilangan 3; nêlu. siji-sijine têlu; ditêloni. 1 diganêpi dadi têlu; 2 diêbut têlu; 3 dislamêti (tmr. wong mêtêng têlung sasi); ka-[x] n. katiga k. 1 kang kaping têlu; 2 mangsa kang kaping têlu; kinatêlon br. ditêloni, dirangkêp têlu; kc. têlung, têlon.
têlu bêlah: n. tiga bêlah k. 250; têlu bêlah èwu. 2500.
têlu juru: n. tiga juru k. mawa wiji (lirangan) têlu.
têluh: kn. kêmat ut. tênung sing bisa agawe lara (mati).
têluh braja: kn. bngs. lintang alihan sing mlêtik-mlêtik.
têluh tragnyana: kw. têluh, tênung.
têluk: I êngg. kn. tikunganing sêgara; di-[x]-ake. ditêlungake. II kn. nungkul, nêrangake yèn wis kalah; di-[x]-ake. dikalahake nganti têluk; [x]-an. kang wis ditêlukake.
têlung: I n. tigang k. 3 (kanggo ing sangarêping wilangan, barang lsp). II mantêlung, tumêlung kn. tumiyung manglung; di-[x]-ake. 1 ditiyungake, ditêkuk nganti tumêlung; 2 dikon ngalah, dirêmbugi supaya gêlêm. III [x]-ane pc. sênadyana mêngkono ora dadi apa (kanggo ngayati panjaluk lsp), up. [x]-ane kowe sing sugih dhuwit.
têlung puluh: n. tigang dasa k. 1 (30); 2 êngg. wc. 30 dhuwit (25 sèn).
têlung cèk: n. tigang cèk k. êngg. 15 sèn.
têlu tèng: n. tiga tèng k. 25 dhuwit (± 20 sèn).
têlon: kn. 1 mawa ulês warna têlu tmr. kucing; 2 aperangan têlu, up. kêmbang [x], cènggèr [x]; 3 n. tigan k. mung wong têlu; 4 (sa-[x]) 1/3, 3 1/3 dhuwit; kc. têlu.
têlong: kn. ar. wit.
(têm): di-[x] kn. diêpêng, ditindakake kalawan têmên-têmên; [x]-[x]-an. pêng-pêngan; kc. gêtêm.
têmah: I kn. 1 êngg. takdiring lêlakon (sing wis ora kêna disingkiri); 2 êngg. mêsthi bakal kêlakon; 3 kêdadeane, ing wasana; di-[x]. disêngaja nandhang lêlakon sing pancène ora dadi pangarêp-arêpe; nêmahi. nandhang lêlakon; sa-[x]. ing wasana; [x]-an. 1 kêdadeane, pungkasane; 2 ing wasana dadi; 3 marga saka, jalaran saka; ka-[x]-an. kêlakon, kalêksanan. III ma-[x]-an kw. malah dadi.
(têmaha): di-[x] kn. dijarag, disêngaja.
têmandangan: êngg. kn. dumadakan banjur; kc. tumandang, tandang.

têmantèn: êngg. pc. pangantèn.
têmangga: êngg. kn. kêmangga.
têmangsang: kn. sumangsang; kc. sangsang.
têmbajêng: êngg. k. têmbalo.
têmbaga: n. têmbagi k. ar. logam warnane sêmu abang; nêmbaga. kaya têmbaga (warnane ut. wujude).
têmbangan: kn. ar. sukêt.
têmbayan: ut. patêmbayan kw. sêmayan, prajanjian.
têmbayatan: kn. rêrukunan samad-sinamadan (tulung-tinulung).
têmbako: n. sata k. ar. wit godhonge digawe srutu, rokok lsp.
(têmbalang): di-[x]. 1 kw. dibalang; 2 êngg. dicêcamah, ditrapi têmbung kasar.
têmbalo: kn. ar. kayu.
têmbalong: kn. luwing gêdhe.
têmbang: I kw. tabuh, gêbug; [x] rawat-rawat pr. pawarta sing durung têrang; [x] aksi br. sawang-sinawang; di-[x]. 1 kw. ditabuh, digêbug; 2 ditabuh, diunèkake tmr. têngara lsp; 3 ditêbang, dirêmbang. II n. sêkar k. ikêtan karangan awêwaton guru-lagu sarta guru wilangan apadene kanthi lêlagon; nêmbang. ura-ura nglagokake têmbang; di-[x]-ake. 1 dikarang ing ikêtan têmbang; 2 dilagokake; (tê-)[x]-an. 1 karangan têmbang; 2 ura-ura, sindhèn.
têmbang dhagêlan: (têngahan) n. sêkar dhagêlan (têngahan) k. têmbang mawa guru-lagu sarta guru-wilangan kanggo ing layang-layang sing rada kuna, sing kalumrah kanggo ing jaman saiki mung. juru-dêmung, duduk-wuluh, girisa, blabag.
têmbang gêdhe: (kawi) n. sêkar agêng (kawi) k. têmbang pangikête wêwaton guru wilangan ut. sing ngembak cara Sangsêkarta.
têmbang macapat: (cilik) n. sêkar macapat (alit) k. têmbang pangikête awêwaton guru-lagu lan guru wilangan (sing kêlumrah kanggo ing layang-layang jaman saiki).
têmbaruk: êngg. kn. bêrkat, sawab.
têmbarok: (-an) êngg. kn. susuh (omah) sêmut lsp.
têmbe: kn. 1 (ut. nêmbe) êngg. lagi, nêdhêng-nêdhênge; 2 (ut. nêmbe) êngg. mêntas bae, lagi bae; 3 ([x] buri) ing besuk; [x]-an. lagi sapisanan ênggone manak ut. ngêndhog; kêtêmbèn. lagi sapisanan (anyar-anyaran).
têmbèk, têmbêke: êngg. pc. têmbe.
têmbêlang, têmbêlong: pating [x] pc. pating blêntong.
têmbêlèk: êngg. kn. têlèk.
têmbere: êngg. pc. tembre, tèmbèr.
têmbilung: kn. 1 ar. wadhah sing digawe kulit waluh; 2 êngg. ar. wadhah sing digawe upih.
--- 601 ---
têmbing ~ têndhag.
têmbing: êngg. pc. sisih, pinggir.
têmbir: êngg. pc. pinggiran tmr. piring lsp.

têmbirang: I êngg. kn. tampar dianggo ngunggah-ngunggahake layar. II kw. sumêdhêng, ênom, jaka; kc. tumêmbirang.
têmblag, têmblog: êngg. kn. lapisan lêmah lsp. sing dipopokake.
têmbung: I 1 kw. gitik, gêbug; 2 ki. cêmêthi; di-[x]. 1 digitik, digêbug; 2 ki. dicêmêthi. II kn. bal sing digawe gombal kanggo dolanan raton. III [x]-an êngg. bêndungan. IV kn. 1 wêdharing karêp sarana gunêm; 2 wanda siji ut. luwih sing wis mêngku têgês; 3 basa; ora [x] ora lawung pr. njêjaluk tanpa têmbung; di-[x]. dijaluk arêp dipèk lsp; di-[x]-ake. 1 dilairake sarana têmbung; 2 diparibasakake; 3 dijalukake; pi-[x], panêmbung. panjaluk, ênggone nêmbung; pi-[x]-an, têtêmbungan. têmbung-têmbung. V di-[x] êngg. kn. disambung, digathukake, dirakêtake.
têmbus: kn. butul têrus, bolong têrus; [x]-an. butulan, trowongan.
têmbon: êngg. kn. tembo.
têmêka, têmêkan: êngg. kn. ambêk sawiyah, ora prêdulèn.
têmên: kn. 1 burus atine (ora dhêmên nyênyolong lsp); 2 nyata ora goroh; 3 (ut. [x]-[x])têrusing ati, kalawan mêmpêng; 4 bangêt (kang lumrah kanggo ing ukara sing nelakake gumun); 5 (ut. [x]-an, [x]-anan) êngg. tulèn, nyata, ora palsu; di-[x]-i. dianggo (ditindakakake) kalawan têmên-têmên; sa-[x]-e. sabênêre, sanyatane; kc. tumêmên.
têmêndhil: kn. tai tikus.
têmênggung: kn. kc. tumênggung.
têmu: I n. panggih k. 1 ([x] pangantèn) pangantèn lanang wadon digathukake; 2 (ut. kêtêmu) kêpêthuk, gathuk karo; nêmu. olèh apa-apa ana ing dalan, ora disêngaja lsp; nêmoni. 1 mapagake dhayoh banjur lêlinggihan omong-omongan; 2 kêpranggul karo lêlakon lsp; nêmokake. 1 nêpungake, nggathukake pangantèn; 2 olèh apa-apa kanggo ing liyan; têmon. 1 apa-apa sing ditêmu; 2 (ut. patêmon) jêjagongan karo; sapatêmon br. atut; panêmu. olèh-olèhane pamikir ut. pambudi-daya. II kn. ar. êmpon-êmpon bngs. warna-warna. [x] giring, [x] lawak lsp.
têmu-gêlang: kn. mubêng gathuk, mubêng kêmput.
têmulus: kn. ar. iwak loh.
têmu-pèk: pc. sing nêmu ngêpèk.
têmu-rose: kn. 1 (suruh) sing ada-adane godhong sasisih-lan sasisihe gathuk ana ing ada-ada lajêr; 2 êngg. pc. padha gathuk, cocog lan jodho.
têmpah: I kn. tuku (kulak) mbayar dhisik barange kari, mènèhi sewan kanggo ing wêktu candhake; di-[x]-i. wis dibayari luwih dhisik. II êngg. k. têmpuh; di-[x]-i êngg. diwènèhi pêpancèn bibit pari; [x]-an êngg. bibit pari sing diêdum.
têmpayan, têmpalang: êngg. kn. pangaron, gênthong.
têmpak: I kn. papak, ora lancip; pojok [x]. pojok sing luwih saka 90°. II êngg. k. tumpuk.
têmpaling: kn. ar. piranti dianggo golèk walang sangit lsp, wujude kaya kukusan lsp digarani; polahe kaya [x]. polahe nungsang njêmpalik (kakehan polah).

têmpaos: kn. ar. wit sok dianggo wur rokok.
têmpat: I êngg. kn. bisa têtulung; di-[x]-i. dijaluki tulung; di-[x]-([x])ake. ditulungi. II (M) êngg. papan, panggonan.
têmpat rokok: êngg. wadhah rokok.
têmpat tidhur: (M) kn. ambèn wêsi mawa klambu.
têmpelang: kn. ar. wungkusan (panatane godhong rong lêmbar sing salêmbar ditutupake, bontose kiwa têngên ditêkuk sarta dibitingi; di-[x]. diwungkus kaya kang kasêbut.
(têmpeling): di-[x] êngg. ditêmpiling.
(têmperong): di-[x] êngg. kn. diantêm raine saka ngiringan.
têmpiyas: êngg. kn. tampu.
têmpik: ks. pawadonan.
(têmpil): di-[x] kn. 1 dijaluk (dituku) sathithik; 2 dinunuti ênggone totohan.
(têmpiling): di-[x] kn. diantêm ing pilingane (êndhase).
(têmplik): di-[x] êngg. kn. dicuwil sathithik; sa-[x]. sacuwil, sathithik bangêt.
têmpuh: I kn. panyêrang (gathuk) ing prang; di-[x]. 1 disêrang, ditrajang; 2 ditêmah, njarag dilakoni. II ut. te-[x] n. têtêmpah k. lêliru minangka ijoling apa-apa sing dirusakake ut. diilangake; di-[x]-i. diwènèhi têtêmpuh; di-[x]-ake. dijalukake têmpuh; kê-[x]. kawajiban nêmpuhi, kêjibah.
têmpuk: ut. [x]-an kn. gathuk, pêthukan, tumbukan; [x]-ing gawe. tumêkaning gawe (duwe gawe).
têmpur: I kn. 1 gathuk tmr. kali; 2 gathuk sarta campur; [x]-an. gathukaning kali. II nêmpur kn. tuku bêras, kacang lsp; nguyang nêmpur pr. bingung atine; di-[x]-ake. diêdol tmr. bêras.
têmpolong: kn. 1 paidon sing digawe lêmah ut. kayu; 2 êngg. blèg bumbungan.
têmporat: êngg. kn. sangsara, nandhang cilaka.
têmruntun: pc. nracak urut-urutan tmr. anak (bocah).
têmrucuh: kn. durung matêng tmr. wowohan.
têmtu: kn. 1 mêsthi; 2 wis têtêp ora owah; 3 êngg. k. sida; ditêmtokake. 1 ditêtêpake, diajêgake; 2 dipêsthèkake.
tên: pc. k. wc. wontên, botên.
tênaga: kn. kc. tanaga.
tênaya: kw. anak; kc. tanaya.
tênan: (-an) pc. n. têmên, têmênan.
tênang: kw. antêng, sarèh.
tênapi: êngg. kn. 1 lan uga; 2 nanging; kc. tanapi.
têndhag: kn. têlag, lagi kêkurangan (ora lumintu [lu...]
--- 602 ---
[...mintu] kaya sabêne). kê-[x]-an. kêtêlagan, kêkurangan marga ora lumintu kaya sabêne.
têndhak ~ têngis.
têndhak: êngg. kn. ar. piranti misaya iwak bngs. icir.
(têndhang): di-[x] kn. didugang, didhupak.

têndhas: kw. êndhas.
tênèh: pc. yèn mêngkono mêsthi, up. [x] disrêngêni bapak.
tênèn: pc. grutnèn.
(tênêd): di-[x] êngg. kn. diênêtake, dipidih.
tênêng: kw. antêng, sarèh.
têni: (W) kn. sandhangan dhinês.
(tênun): di-[x] kn. dianam digawe bakal lurik lsp. tmr. lawe lsp; [x]-an. 1 bakal lsp. sing ditênun; 2 (ut. panênunan) piranti nênun.
tênung: kn. 1 êngg. dhukun sing gawene mbincili ut. mênggawe; 2 têluh, guna-gawe; di-[x]. diguna-gawe, ditêluh.
(tênta): kê-[x] kn. 1 nindakake apa-apa sing ora kanthi pikiran marga wis manuh; 2 saèm. nglindur.
têntu: êngg. kn. têmtu.
têntrêm: kn. 1 ora gorèh, ora duwe was sumêlang; 2 ora rusuh, krêta tmr. nêgara lsp; di-[x]-ake. disarèhake, dilêrêmake; ka-[x]-an. kalêrêmaning ati, karta-harjaning nêgara.
têng: I êngg. k. marang, mênyang; kc. dhatêng. II di-[x]-i pc. digawe matêng.
(tênga): tumênga, mênga kn. 1 nyawang mêndhuwur; 2 ngarêp-arêp pitulungane wong sing luwih kuwasa.
têngadur: kn. alangan.
têngah: ut. [x]-[x] kn. 1 kang dumunung ing antarane barang (panggonan) loro; 2 papan sing dumunung ing pusêring lumah; 3 sêdhêng, sêdhêngan; 4 paro, paron; 5 ora ngiloni (ngrewangi) sapa-sapa; 6 dhadha (wilahan ut. larasaning gamêlan); karo [x]. 1½; têlu [x]. 2½; kapat [x]. 3½; klima [x]. 4½; nêngah, manêngah, mantêngah. mênyang ing têngah; di-[x]-i. 1 didokoki apa-apa ing têngahe; 2 didokoki têngahan tmr. ikêt ut. kêmbên; 3 disapih (dipisah) amrih ora padu; di-[x]-ake. digawa mantêngah; nêngah-nêngahi. nêdhêng-nêdhênge, lagi; sa-[x]. 1 saparo; 2 (wong sa-[x]) pc. edan; panêngah. 1 kang ana ing têngah; kang nêngahi; 2 anak pandhadha; [x]-an. 1 pasagèn putih lsp. ing têngah-têngahing ikêt ut. kêmbên; 2 paron; 3 saparo; 4 dumunung ing têngah-têngah; 5 êngg. têngah-têngahe mangsa katiga; 6 sêdhêngan, dhagêlan; 7 ora pangkat luhur ora pangkat asor; 8 ukon (F 0,50).
têngah umur, têngah tuwuh: kn. umur-umuraning wong ± 35 taun.
têngah wêngi: n. (dalu k). wayah jam 12 bêngi.
têngan: pc. wêtêngan.
têngange: kn. wayah têngah-têngahe awan ± jam 11 - 12.
têngara: kn. tandha kang dianggo awèh sasmita, kc. titir, bêndhe lsp; ditêngarani. diwènèhi têngara.
têngawud: maca [x]. sêmbahyang sing surasane. Dhuh Gusti Allah mugi njagi kawula!" kc. ngudubilahi.
têngèn: kn. wungon ki. yèn turu gampang tangine, gampang krungu apa-apa; kc. tangi.

têngên: kn. kb. kiwa; nêngên. ngênêr ing têngên; di-[x](-ake). 1 disandhing (disèlèhake) ing têngên; 2 diêpêng, diprêlokake, luwih dirêmbug; kê-[x]. dikasihi, luwih dirêmbug; kc. panêngên.
têngêr: ut. têtêngêr, [x]-an kn. tandha, ciri; di-[x]-i. 1 didèkèki têngêr, dicirèni; 2 ditandha-tangani lan dititi-mangsani; 3 diwènèhi apa-apa minangka têtêngêr yèn bakal dadi bojo ut. mantu; 4 dijênêngi, diarani; 5 êngg. dikijing lsp. tmr. kuburan; panêngêran. 1 têtêngêr; 2 jênêng; 3 ki. unyêng-unyêng.
(têngêt): ma-[x] kw. nampik, nyêgah,ngêmohi, malangi.
têngga: k. tunggu.
ênggak: I kn. 1 gulu; 2 angkaning taun sing puluhan; nênggak. tumênga nglangak, ndangak; panênggak. panggulu. II nênggak waspa kw. ngampêt êluh, kêmbêng-kêmbêng. III êngg. k. tungguk.
(ênggalang): di-[x]-i kn. ditanggulangi, diayomi.
ênggan: k. tunggon.
ênggang: êngg. kn. bênggang, lowahan. sêla-sêla.
ênggar: kn. jêmbar sarta bawera; di-[x] êngg. dikèrèk ing gantangan tmr. kurungan manuk; [x]-an. papan sing tênggar; kc. têgar.
ênggarèng: kn. kc. tênggèrèng.
ênggèrèng: kn. pênthèr (srêngengene ora kalingan mêndhung).
ênggêg: ora [x] pc. ora têgêl; kc. têgêg.
ênggêk: kw. gulu; kc. tênggak.
(ênggêl): nênggêl. 1 nuju (ngênêr) kalawan pênêr ut. ing têngah bênêr; 2 nrajang (nasak) ing têngah; 3 ndêdêr, munggah ndêdêr; kê-[x]. kêna ing têngah bênêr.
(ênggênah): di-[x] pc. dipatah, dipopohi pagawean; kc. tanggênah.
ênggêr-tênggêr: kn. gumuk, pêpundhukan.
ênggi: I êngg. k. tunggu. II tumênggi kn. pucuke padha nyongat munggah tmr. idêp.
ênggik: ut. [x]-an kn. corekan dianggo têngêr ut. ênggêt-ênggêt.
ênggiling: pc. trênggiling.
ênggi nas: pc. trênggiNas.
(ênggi ng): tumênggi ng kn. tumênggi; kc. tênggi.
ênggirang: kn. adhèng atine, krasa kêpenak.
ênggulang: pc. tanggulang.
(ênggul uk): di-[x] êngg. dipanggul.
ênggun: êngg. kn. lowung, lumayan.
ênggok: kn. peranganing gulu sadhuwure kala-mênjing.
têngik: I kn. 1 ambu kaya dene ambune lênga klêntik sing wis lawas; 2 ent. ala bangêt. II êngg. kn. ½ sèn.
têngiri: kn. ar. iwak sêgara.
têngis: kn. bngs. walang sing muni ing wayah bêngi.
--- 603 ---
têngkar ~ têrbik-têrbik.
têngkar: [x]-tumêngkar kn. mêncar bêbranahan, mêncar mratani; nêngkar. njênggar, mêncar; di-[x]-ake. diwratakake, dipêncarake tmr. wiji lsp; kc. tangkar.

têngkêl, têngkêr: kn. (sa-[x]) satugêlan (sakêthokan tmr. têbu lsp); di-[x](-[x]). dikêthok-kêthok, ditugêl-tugêl; [x]-an. tugêlan, kêthokan iwak loh lsp.
têngkulak: I kw. wadhah panah; kc. cêngkolak. II êngg. kn. bakul sing kulak pamêtune sawah lsp; kc. kulak.
têngkuwèh: kn. manisan bligo.
têngu: kn. ar. kewan gêgrêmêtan lêmbut bangêt warnane abang.
têngran: br. têngêran; kc. têngêr.
têngtu: êngg. kn. têmtu.
têpa: kn. ukur, apa-apa sing dianggo ukuraning tuladha; tanpa [x]. tanpa ngukur (ngira) rêkasaning liyan; [x]-[x]. nganggo duga-duga ing saupama ditumrapake awake dhewe; ditêpakake. 1 diukurake; 2 diduga-duga saupama ditumrapake awake dhewe.
têpak: I kn. peranganing gêgêr sing dhuwur (sangisoring cêngêl). II kn. wlulang lsp. diwangun bundêr sarta digarani dianggo golèk walang lsp; di-[x]. 1 êngg. ditêbak; 2 pc. dicandhêt, diampah. III êngg. pc. tapak, tipak. IV êngg. kn. ar. ama pari.
têpakur: kn. tapakur, pitêkur.
têpalih: k. taparo; kc. tangga.
têpang: k. têpung.
têpaut: êngg. kn. beda kèhe.
têparo: n. têpalih k. tangga [x]. tangga sing êlêt saomah rong omah.
têpas: I êngg. kn. 1 èmpèring omah; 2 kw. bale, papan panginêpan lsp; [x] wangi. pajungutan, paturon. II [x] wangun kn. 1 jodho (cocog) wangune; 2 kw. palêrêban.
têpa-slira: kn. diduga-duga ing saupama ditumrapake awake dhewe.
têpat, têpêt: êngg. pc. bênêr, ngênêr trêp.
têpekong: kn. brahala sêsêmbahane bangsa Cina.
têpèn: kn. nganggo pinggiran (plisiran bênang mas lsp); kc. têpi.
têpès: êngg. pc. pèsèk tmr. irung.
têpêkur: pc. tapakur, pitêkur.
têpês: êngg. kn. 1 tapas; 2 sêpêt (krambil).
têpêt: êngg. pc. pênêr, ngênêr trêp.
têpêt-loka: kw. alam kalanggêngan.
têpêt-suci: kw. alam akir (sawuse mati).
têpi: 1 kw. pinggir, bambing; 2 kw. pasisir; 3 kn. plisir, pinggiran minangka rêrênggan; tanpa [x]. tanpa watês; tinêpi kw. didokoki pinggiran.
têpiyo: kn. topi.
têpi-sliring: kw. tapêl watês.
têpis-iring: (-wiring) kw. tapêl watês.
têplak, têplèk: êngg. kn. têpak (wlulang bundêr lsp. digarani).
têpu: I kn. 1 gapuk; 2 wis jêmpo. II êngg. pc. kêtêpu.
têpuk: êngg. kn. têpo, têpu.
têpung: I n. têpang k. 1 gathuk, mubêng nganti têmu gêlang; 2 wanuh, wis sêsrawungan, wis aruh-aruhan manèh; di-[x]-i. diwanuhi, dimitrani; di-[x](ake). 1 digathukake; 2 diwanuhake; [x]-an. 1

gêgathukan; 2 sêsrawungan, mêmitran; 3 kawanuhan, mitra karuh. II di-[x] êngg. diêtrap (dipasang) tmr.salêraning nam-naman. III êngg. kn. glêpung.
têpung bêcik: n. têpung sae k. wis pandhuh ênggone mêmitran.
têpung gêlang: kn. mubêng nganti gathuk, têmu-gêlang.
têpung kawung: kw. tukang nulis ing lontar.
têpung kêbo: kn. ênggone têpung mung nalika ana ing paran (durung gonah bangêt).
têpung pagêr: n. têpang pagêr k. têtanggan adu pagêr.
têpung rêmbug: n. têpang rêmbag k. rêrêmbugan karo.
têpung rukun: n. têpang rukun k. wis wanuh, rêrukunan.
têpung watês: n. têpang watês k. nunggal tapêl watês.
têpus: kn. tali lsp. sing dianggo ngukur dawaning antara; di-[x]. diukur dawane (antarane) nganggo tali lsp; kc. kêtêpus.
têpsila: pc. tapsila, trapsila.
(têpsir): pc. tapsir.
(têr): di-[x]-ake pc. diatêrake; kc. atêr.
têrag: I kn. 1 têlag, têndhang; 2 êngg. kêkurangan udan lsp; kc. têlag. II êngg. ki. kluron; kc. têrèg. III ka-[x] kw. kaduwa, kailês, kapidak.
têrah: br. trah.
(têrak): di-[x] kn. 1 ditrajang, disêrang; 2 ora dièstokake tmr. anggêr-anggêr lsp.
têrang: kn. 1 padhang; 2 wis mari udan; 3 cêtha, gamblang, têtela; 4 wis mangêrti têmênan; 5 wis ora samar, ora suwêt (pêtêng) tmr. urusaning prakara lsp; durung (kurang, ora) [x]. ora mangrêti (wêruh) kanthi cêtha, ora wêruh; [x](saka) dhawuh. atas dhawuhing ..., miturut dhawuhing ...; nêrang. 1 (ut. mitêrang) njaluk katêrangan; 2 (nêrang udan) nulak udan sarana donga lsp; di-[x]-i br. dipadhangi, disoroti; di-[x]-ake. dicêthakake, digamblangake; ka-[x]-an. 1 kapadhangan, kasorotan; 2 andharan lsp, kang digawe sarana nêrangake; 3 bukti, cihna; [x]-an. ora ana udan; kc. pitêrang.
têrang bulan: êngg. kn. padhang bulan.
têrap: kc. trap.
têras: I (ut. [x]-an) kn. 1 isih tigas, isih anyar, lagi mêntas dadi tmr. jarit lsp. (durung tau dianggo); 2 pc. isih prawan (jaka) tulèn; nêras. nganggo jarit lsp. sing isih têras. II di-[x] êngg. kn. 1 diwluku sing sapisanan; 2 dilubang sing kawitan tmr. patêbon; 3 dioncèki rada nandhês nganti ilang dhadhake tmr. kwèni lsp; kê-[x]-ên. 1 kêjêron ênggone macul, ngoncèki lsp; 2 kêladuk, kêtlanjukan.
têrbang: kn. ar. têtabuhan saèm. tambur wlulang sasisih; [x]-an. 1 dolanan nabuh têrbang; 2 slawatan padha nabuh têrbang.
têrbik-têrbik: pc. bribik-bribik.
--- 604 ---
têrbil ~ têtês.
têrbil: pc. kêrbil.
têrbis: I kw. (jurang) angèl ambah-ambahane. II kn. kopral.
(têrbuka): pc. tarbuka.

têrbumi: êngg. kn. riyaya ing padesan mbênêri tanggal 15 Ruwah; kc. bêrsih bumi, trêp bumi.
(têrjang): di-[x] pc. ditrajang.
têrjik: êngg. kn. cêrdhik.
têrjung: kw. ndêdêr sarta jêro tmr. jurang.
têrèg: kn. 1 gogrog, ngarang tmr. godhong; 2 kluron.
têrêh: kw. 1 trah, turun; 2 udan; kc. têruh.
têrês: I kw. três. II di-[x](i) kn. diklokopi kulite (klikane) ing nalikane isih urip tmr. wit nangka, jati lsp. supaya kayune garing lan ora mlêthèk.
têrganca: êngg. kn. sulaya, padudon.
têri: kn. ar. iwak sêgara sing lêmbut-lêmbut.
têrik: I êngg. kn. thukul (kêtela pêndhêm lsp). II kn. ar. lêlawuhan sing digawe iwak daging. III kn. ar. manuk.
têrka: kn. nyana, pangira; di-[x]. didakwa, dinyana, dikira nglakoni ala.
têrkadhang: (-an) kn. 1 sok, kala-kala; 2 bok mênawa; [x] ..., [x] ... gèk ..., gèk ...; kc. kadhang.
têrkaos: êngg. k. 1 têrkadhang; 2 rêkasa.
têrna, têrni: br. sêmèn, thukulan.
têruh: êngg. k. 1 udan, grimis; 2 kw. orêg, gègèr; kc. têdhuh.
têruna, têruni: kw. ènom; kc. taruna.
têrus: kn. 1 bolong (butul) têmbus; 2 ngênêr (nuju) lêncêng ora menggak-menggok; 3 banjur bae, ora kêndhat-kêndhat; 4 pc. nuli, banjur; 5 kanggo ing salawase, ora bali, ora balèn; 6 wolak-walik nunggal warna tmr. coraking bathikan, cita lsp; 7 wutuh ut. ganêp panulise; [x] ing paningal ([x] tingale, [x] padhang tingale) br. waskitha, wêruh ing agal rêmpid; [x] ing ati (ing lair batin). têkan ing batine (ora mung ing lair bae); nêrus. 1 lumêbu têrus, têmbus; 2 banjur bae, nglantur; di-[x]-i. dibathik ing walike tmr. rengrengan bathikan; di-[x]-ake. 1 dibanjurake; 2 ditutugake; 3 ditêkakake marang; [x]-an. 1 butulan, dalan jêbulan; 2 tutuge, sambunge, banjure; 3 waliking bathikan (ngengrengan); 4 banjur bae, nglantur; 5 (layang [x]-an) êngg. layang katêranganing wong magang; kc. panêrus.
têrosipun: êngg. k. jarene; kc. criyos(-ipun).
têrpas: (W.watêrpas) kn. 1 sumèlèh wrata, ora miring; 2 piranti dianggo nyumurupi wrata lan orane; [x]-e êngg. miturut petungane; di-[x]. ditrapi têrpas, disumurupi wrata lan orane.
têrsandha: I êngg. kn. tandha, pratandha. II êngg. kn. sêsèndhèn ing.
têrtamtu, têrtangtu: êngg. pc. mêsthi; kc. têmtu.
têrtêp: êngg. kn. krêtêp.
têrtib: kn. 1 kanthi tata sarta runtut; 2 sarwa tata, sarwa bêcik; 3 (ut. têr-[x]-i) winadi bangêt.
têrtil: kn. kalawan titi ora ana sing kliru tmr. maca.
têrcêb: pating [x] kn. krasa adhêm nganti kaya sumusup ing kulit.
têrwaos: êngg. k. têrwaca.

têrwaca, têrwela: kn. cêtha, têrang mungguhing pangrungu (pandêlêng, pangêrti).
têrwela: kn. katon cêtha wela-wela.
têrwelu: kn. ar. kewan bngs. marmut gêdhe.
têrwèngkal, têrwungkal: êngg. kn. wingka.
têrwilun: kw. bodho, bonto.
tês: I êngg. pc. lagi bae; kc. êntas, mêntas. II pc. têkan ing watês; kc. watês.
têsbèh: pc. tasbèh.
têsdik: kw. waskitha, wêruh sadurunging winarah; di-[x]-ake. diwaspadakake, diyakinake.
têsih: pc. k. isih; kc. taksih.
têsir: pc. taksir, tapsir.
têsmak: kn. kaca-mata; [x] bathok (watu, dhingklik) pc. mung mamak ora ndêdêlêng.
têsmèn, têstamèn: (W) kn. wasiyat.
(têt): di-[x] kw. diênêtake; kc. ênêt, nêt.
têtag: êngg. k. tutug.
têtah: k. tutuh.
têtak: kn. supit ki. sunat tmr. bocah lanang; di-[x]-i. diislamake; [x]-an. duwe gawe nêtakake.
têtapi: êngg. ananging.
têtêdhan: k. panganan; kc. têdha.
têtêg: I kn. 1 kukuh, ora obah-obah; 2 tatag, panggah, ora duwe sumêlang; 3 kayu (blabag) kancing ut. tuwak lawang; di-[x]-i. dikancing sarana têtêg; kc. tatag.
(têtêk): sa-[x] êngg. kn. sakêthokan pring lsp; di-[x]. ditugêl, dikêthok; kc. têtak.
(têtêl): I di-[x] kn. diênet-ênêt, dipadhêtake. II kn. ar. panganan.
têtêp: kn. 1 ora owah, ora ngalih-ngalih; 2 lêstari, ajêg; 3 wis diangkat dadi ... kalawan tanpa janggêlan; 4 êngg. pc. mêsthi, têmtu; nêtêp. wis mlêbu, wis manjing ing bolongan, manêt; di-[x]-i. 1 dituhoni tmr. kasaguhan lsp, dilakoni tmr. kawajiban; 2 ditindakake miturut wêwaton, undhang lsp; di-[x]-ake. 1 diênêtake nganti nêtêp; 2 dikon dêdunung (nindakake pakaryan lsp) ana ing; 3 diangkat dadi, didadèkake priyayi lsp; 4 dipêsthèkake, ditêmtokake; 5 dianggêp yèn mêsthi nyata; 6 disêntosakake, dikukuhake tmr. panêmu lsp.
têtêr: I êngg. kn. garu; di-[x]. digaru. II di-[x] kn. digêjêg, dikon tumandang tanpa lèrèn.
têtês:. 1 êngg. têdhas; 2 ki. sunat; 3 êngg. ki.tindhik; 4 êngg. trêp, nyata plêk; 5 têtela, têrang; nêtês. 1 nyata kêlakon kaya kang disaguhake (diwêca lsp); 2 pêcah sarta mêtu kuthuke lsp. tmr. êndhog; di-[x](i). diiris (dipêdhot) sathithik; di-
--- 605 ---
[x]-ake. 1 ki. disunatake, ditindhikake; 2 diêngrêmake supaya nêtês tmr. êndhog.
têwah ~ tikus.

têwah: kw. kc. twah.
têwêk: I kw. wiwit ing nalika, kala samana. II kw. warêg; kc. tuwuk. III kw. tuwêk.
têwêkal: pc. tawêkal.
tiba: n. dhawah k. 1 saka ing papan sing dhuwur lumarap mangisor; 2 ambruk, rubuh; up. [x] klumah; 3 anjog ing, ndharat ing; 4 kapênêr, nuju ing; up. ijabe [x] ing dina Slasa Paing; 5 nandhang, up. [x] ing kamlaratan. 6 nyandhak ganti gêndhing liya; 7 êngg. pc. jatuh, nandhang kapitunan lsp; 8 wis diputusi, dipancasi; [x] lara pati. nandhang lara lan sangsara; [x] kasur. nêmahi kapenak ora kêjarag; [x] mêjana. tiba sêdhêngan; [x]-ne, tibake pc. tumêkane ing pungkasan jêbul ...; [x] malang. kojur; sa-[x] malange ya pc. kojur-kojure mêksa; sa-[x]-ne, sa-[x]-[x]-ne. sadadi-dadine mêksa, sakojur-kojure lagi; tumiba. tiba; niba. 1 njarag (api-api) tiba; 2 anjog ing gêndhing candhake (liyane); ditibani. 1 dikênani ing apa-apa sing tiba; 3 diwènèhi pêpancasan ut. paukuman; 3 ditamani gêgaman (japa-mantra, donga lsp); 4 disèlèhi kêmbang tmr. kuburan; 5 tampa layang panarikan pajêg (urak, giliran nyambut-gawe lsp); tiban kn. 1 apa-apa sing ana dadakan (kaya-kaya tumiba saka ing langit), up. sumur tiban, rêca tiban; 2 kang dianggo patèn (landhêsaning kaluputan); 3 (satiban) diêcakake (ditamakake) sapisan; 4 (satiban) salêpasaning bêdhil (panah lsp); pa-[x] tamba n.(-jampi k). dhuwit lêliru dianggo nambakake wong sing ditatoni; pa-[x] ulês. dhuwit têtêmpuhe wong matèni wong sing ora disêngaja; pa-[x] sampir br. paningsêt.
tibèng: br. tiba ing.
tibra: (S) kn. 1 susah, prihatin; 2 ak. nêpsu bangêt.
tijab: pc. 1 mustajab, mandi; 2 mêsthi, têmtu; kc. tajab.
tidha-tidha: kn. 1 rêmêng-rêmêng tmr. pandêlêng; 2 samar, mamang, ora dhamang, isih gojag-gajêg.
tidhêm: kw. surêm, sirêp; [x] prêmanêm. sirêp tanpa sabawa.
tidhur: kn. nabuh bêdhug nggêjêg (mawa lêlagon) dianggo sasmita saur lsp, ing mangsa pasa.
(tidhok): di-[x]-ake êngg. pc. dituduhake.
tiga: k. têlu.
tigan: I êngg. k. kinang. II k. êndhog.
tigang: k. têlung; kc. têlu.
tigapar: maca [x] kn. nyêbut asmaning Allah ing nalikane nêmu kasusahan lsp; kc. istipar.
tigas: I kn. tugêl, pêdhot; di-[x]. 1 dikêthok, dipancas; 2 dikêthok gulune; 3 (ut. di-[x]-i) dirampungi, diuwisi. II (ut. [x]-an) kn. 1 isih anyar, durung tau diênggo tmr. jarit tênunan lsp; 2 isih murni tmr. prawan ut. jaka.
tigas gagang: kn. bakda diênèni têrus diêdol tmr. pari.
tigas kawuryan: br. anyar katon.
tigas pancing: kn. dikêthok mayat sapisan têrus tugêl.
tigawaja: kn. ar. iwak loh.
tigawarna: kn. 1 warna têlu; 2 ar. pamoring kêris.

(tigung): [x]-an êngg. pc. tikungan.
tihang: I kw. cagak, tiyang. II tumihang kw. ngênêr, nyipat.
tiharda: kw. bangêt, kaluwih-luwih.
tiyam: êngg. kn. toko Cina (cilik-cilikan).
tiyang: I kn. cagaking layar ing prau, cagak gêndera. II k. wong.
tiyasa: êngg. 1 kuwasa, duwe kaluwihan; 2 br. pintêr, linuwih; 3 sawah pusaka.
tiyèng: êngg. pc. taiyèng.
(tiyung): tumiyung, niyung kn. tumêlung, mantêlung; di-[x]-ake. ditêlungake, dipantêlungake.
(tiyup): tumiyup, niyup kn. cumlorot bantêr tmr. angin, lakuning manuk nyambêr lsp; di-[x]. disêbul, ditampêk ing angin.
tiyonghwa: kn. Cina.
tiyongkok: kn. nêgara Cina.
tiyori: pc. teyori.
(tik): di-[x] pc. ditulis nganggo mêsin tulis.
tika: I kw. ika, kae. II ut. têlika kw. solah tingkah, kêlakuan.
tikanang, tikang: kw. ingkang, kang.
tikbra: kw. susah, sêdhih; kc. tibra.
tike: kn. candu sing wis diulêd karo rajangan godhong awar-awar.
tikèt: pc. 1 girik kang ditèmplèkake ing gêndul lsp; 2 karcis kapal.
tikêl: kn. 1 tugêl, coklèk, putung; 2 têkuk; 3 rangkêp, ambal kaping; di-[x]. 1 ditugêl, diputung; 2 ditêkuk; 3 dirangkêp, diambalake kaping; 4 (di-[x] alise) dijêngkêrutake; di-[x]-i. 1 ditugêli, diputungi; 2 diêngkuk-êngkuk, didadah; 3 diwènèhi lsp. tikêl tinimbang sing wis ana; kê-[x]. 1 kêtêkuk; 2 sangsara, nandhang kapitunan; [x]-an. 1 tugêlan, coklèkan; 2 ([x]-an atèn) mutungan; 3 (ut. têtikêlan) kang diambalake (ditangkarake kaping).
tikêl alis: br. alise njêngkêrut ut. têpung.
tikêl balung: kn. ar. têtuwuhan.
tikêl têkuk: kn. dirangkêp (ditangkarake) ambal ping pat ut. luwih.
tikêl wosên: kn. kamikakon ing driji (tangan, sikil).
(tikêp): di-[x] êngg. dicêkêl, disikêp.
tikêr: (M) kn. klasa.
tiki, tikihên, tikin, tiking: kw. ak. iki, kiye, kene.
tiku: kw. ak. iku, kuwi.
(tikung): nikung kn. nêkuk, menggok; [x]-an. enggok-enggokan, têkukan ing kali lsp, lengkongan.
tikus: kn. ar. kewan ngrikiti sok manggon ing omah ut. ing sawah; [x] mati ing êlènge pr. kêpatèn pasaban.
--- 606 ---
tiksa ~ (timplak).
tiksa: kw. landhêp, lêlandhêp; kc. tiksna.
tiksna: (S) kw. landhêp, lêlandhêp.
tikswa: kw. landhêp, lêlandhêp.
tikta: (S) kw. 1 pait; 2 pêru; cs. 6.
tiktak: kn. bngs. mriyêm cilik.

tila: (S) kw. wijèn, lênga; tinila. siniram ing lênga.
tilak: êngg. kn. 1 tipak; 2 tilas.
tilam: êngg. kn. 1 kasur; 2 lèmèk, jarit lsp. sing dianggo rangkêpan.
tilam rum, tilam sari: kw. paturon.
(tilap): nilap kn. lunga nglimpèkake; di-[x]-ake. dilimpèkake (ditinggal lunga); kê-[x]-an. klimpe, ora wêruh.
tilar: k. tinggal.
tilas: kn. 1 tabêt ut. turahaning apa-apa sing maune ana, up. [x] kêdhaton. 2 kang maune dadi, up. [x] patih; 3 lari, tipak; 4 (ut. têtilas) lêlabuhan; mbuwang [x] pr. nylamur nindakake apa-apa supaya aja konangan pialane; nilas br. napak, nglari; di-[x]. 1 dilacak; 2 ditulad, ditiru; [x]-an. 1 kc. tilas; 2 (pa-[x]-an) papan sing maune dianggo kraton, patapan lsp.
tilawat: (A) kn. maca kurän kanggo nyêmbahyangake wong mati lsp.
tilêm: I k. turu. II êngg. kn. kêlêm, silêm; di-[x](ake). disilêmake, dikêlêm; kê-[x]. klêlêp.
(tilêp): di-[x] êngg. kn. dijêrokake tmr. sawah.
tilgram, tilgrap: pc. kc. têlegram, têlegrap.
tilik: I n. tuwi k. mênyang ing panggonaning liyan (wong lara lsp); di-[x]-i. 1 diparani (didhayohi) pêrlu disumurupi kaanane; 2 diparani sarta didêlêng; 3 êngg. dicoba. II nilik kn. nayuh impèn.
(tiling): tumiling kn. 1 manglung prêlu ngrungokake; 2 wis lingsir tmr. srêngenge; di-[x]-ake. 1 dirungokake kalayan têmên-têmên supaya cêtha; 2 diyakinake têmênan.
tilpun: pc. têlepun.
(tim): di-[x] kn. dimatêngake sarana dikukusi ing wadhah sing rapêt.
timah: I (ut. [x] putih) kn. ar. pêlikan digawe grènjèng. II [x]-[x] kn. wis mèh mari tmr. gudhig lsp.
timaha: kn. ar. kayu mawa pèlèt sok dianggo wrangka.
timah budhêng: kn. timbêl.
timah sari: kn. sing.
timang: kn. cathokaning èpèk, krêtêp; [x]-an. cathokan; di-[x]-i. didèkèki (diwènèhi) timang.
timanga: pc. timaha.
timba: kn. èmbèr lsp. dianggo nyidhuk banyu saka ing sumur; di-[x]. nyidhuk banyu nganggo timba.
timbak: kn. kc. tembak.
(timbal): I [x]-tumimbal kn. tundha-tumundha, saka siji ngalih (liyêr) marang liyane; di-[x]-ake. ditundhakake, dilembatake; têtimbalan. gênti-gênti, giliran; kc. imbal, panimbal. II di-[x]-i ki. diundang; (dhawuh) [x]-an dalêm. dhawuh dalêm ingkang sinuwun.
timbang: kn. 1 padha bobote, ora sanglir; 2 wis murwat têtandhingane; 3 tandhing, babag; 4 (sa-[x]) êngg. samata (1/100 tail = 0,386 g); 5 br. jodho sisihan; 6 pc. ditandhing karo; asor [x] pr. 1 lêlawanan karo sing dudu timbange; 2 ana sing babag ana ing mênang (luwih); bobot [x]. panglimbang, kang wênang nêtêpake ...; tanpa [x]. ora ana sing madhani; di-[x]. 1 dibobot; 2 ditandhing, dipandhing; 3

digawe supaya timbang, digawe babag; 4 (ut. di-[x]-[x]) dilimbang-limbang, dipikir-pikir ala bêcike lsp; di-[x]-i. 1 ditrapi apa-apa supaya timbang; 2 dipadhani, ditandhingi; 3 ditanggapi tmr. kabêcikan, sih lsp; ka-[x], tinimbang. dipandhing karo, dimurwat karo; [x]-an. 1 sisihan, jodho; 2 apa-apa sing dianggo nimbangi; 3 bobot kang dianggo nimbang; 4 piranti dianggo nimbang, traju; 5 (ut. têtimbangan) timbang karo, babag karo; 6 (ut. têtimbangan) panglimbang, pamikir.
timbang sih: kn. sisihe loro salaras ut. padha.
timbêl: êngg. kn. timah.
timbil: kn. plênthing ing mata (tlapukan).
timbis: êngg. kn. kayu sing dianggo ngêbruk ut. nglêmbutake apa-apa.
(timblis): di-[x] kn. dijlogi saka ing dhuwur.
timbul: kn. 1 mancungul manèh (banjur kumambang); 2 êngg. pc. ngaton, mancungul; 3 munggah, mumbul; 4 ut. têguh [x]. kuwagang nanggulang bêbaya lsp, digdaya; 5 (ut. [x]-an donga ut. sarana njalari wêntala (digdaya); di-[x]. 1 disêbul êmbun-êmbunane ut. dijapani supaya wêntala (digdaya); 2 êngg. dijapani supaya mari kêpanjingan setan.
timbun: ut. tumpuk-timbun kn. têtumpukan, undhung-undhungan.
timbrah: kn. 1 êngg. blèg; 2 têtaining kuningan ut. têmbaga; nimbrah. mêtu (ana) timbrahe.
timbrêng: kn. srêngenge kasaput ing mêndhung.
(timbrung): di-[x] êngg. kn. ditrambul..
timên: êngg. pc. têmên (bangêt).
timinggila: kw. iwak lodan.
timun: kn. ar. têtuwuhan rambat wohe saèm. krai; [x] jinara pr. 1 gampang bangêt; 2 nindakake pagawean sing tanpa guna; [x] wungkuk jaga imbuh pr. mung dianggo jaga-jaga yèn ana kêkurangane.
timur: I ki. ênom, nonoman. II ut. [x]-an êngg. kn. angin saka ing wetan.
(timpuh): I di-[x] kn. ditindhihi, ditumpangi; di-[x]-i. ditindhihi ing sikil; kê-[x]. kêtindhih, kalah. II êngg. kn. têmpah.
timpal: kn. tatu nganti cowèl (pisah saka ing kulite ut. daginge); di-[x]. 1 diiris nganti timpal; 2 dikêsud nganggo godhong lsp. banjur dibuwang tmr. sêsukêr lsp; 3 êngg. pc. ditundhung, dibuwang; kê-[x]-[x]. kêtula-tula, ora kopèn.
timpang: kw. pincang.
(timplak): kê-[x]-[x] êngg. kn. kêtula-tula; kc. timpal.
--- 607 ---
timpuh ~ tiplak.
timpuh: kn. linggih sikile karo pisan katêkuk dlamakane sikil kasanggakake ing bokonge; kê-[x]. digugat marga ênggone nanggung.
timpung: kw. pincang; kc. timpang.
tinanggênah: br. dipatah; kc. tanggênah.
tinangkil: br. sinewaka; kc. tangkil.

tinapi: êngg. kn. ananging; kc. tanapi.
tinda, ninda: (S) kw. cacad, piala; tininda. disrêngêni, dicacad.
tindak: I kn. jangkah; 2 (ut. [x]-tanduk). patrap, solah-tingkah; 3 ki. laku; 4 ki. mlaku; 5 ki. mêtu ing, ngambah ing; sa-[x] sapêcak pr. doh cêdhaking sanak sêdulur; tumindak kn. 1 wiwit (bisa) mlaku; 2 mlaku, payu tmr. dêdagangan lsp; 3 rada bisa, rada bisa ngêcakake, wis diêcakake; di-[x]-i. 1 dijangkahi (diukur sarana jangkah); 2 ki. diparani; 3 ki. diambah (dianggo mlaku); di-[x]-ake. 1 dilakokake, diêcakake; 2 dilakoni; [x]-an ki. lêlungan.
tinja: k. tai.
tinjo: êngg. kn. tilik, madhayoh; ditinjoni. ditiliki, didhayohi.
tindhês: êngg. kn. barang atos sing ditumpangake ing apa-apa supaya rêmuk (pènyèt); di-[x]. 1 ditindhihi nganti pênyêt; 2 êngg. diplindêr, dipènyèt; 3 êngg. diplindêr ing pagawean ut. kawajiban nganti rêkasa bangêt.
tindhih: kn. 1 apa-apa sing abot sing katumpangake; 2 dhuwit sing ditumpangake ing sajèn; 3 wêjani, opahan marang dhukun; 4 (ut. têtindhih) lêlurah, pangarêp, jêjênggul; nindhih. 1 numpang; 2 mênang; di-[x]-i. 1 ditumpangi apa-apa sing abot; 2 dibot-boti, diantêbake tmr. rêmbug lsp; 3 br. dipanggêdhèni, disenapatèni; kê-[x] br. kalah; (kê-)[x]-ên. turu banjur gêrêng-gêrêng (bêngok-bêngok) nanging ora bisa nglilir.
tindhik: kn. 1 (ut. di-[x]) dibolong godhohe kuping (calon lèng pasuwêngan); 2 bngs. sindik cilik ut. anting-anting dianggo bêndhèng bolongan.
tinêkan: br. kêlakon, kalêksanan; kc. têka, têkan.
tinêmu: n. pinanggih k. ditêmu, kêtêmu; kc. têmu.
tiniban: n. dhinawahan k. br. ditibani, kêtiban; kc. tiba.
tinimbang: kn. 1 ditimbang; 2 ditandhing karo; kc. timbang.
tinitah: kn. 1 dititahake; 2 pinêsthi, ditakdirake; kc. titah.
tinulis: br. 1 ditulis; 2 wis ditakdirake; kc. tulis.
tinut: br. diênut, ditutake; kc. tut.
tinon: kw. didêlêng; kc. ton.
tintah: (P) kn. mangsi.
(tinting): di-[x]-(i) kn. dipilihi sing agal-agal ut. sing ora kanggo sarana didokok ing tampah lsp. diirang-iringake lan dikêtab-kêtabake.
tintrim: kn. mênêng tanpa sabawa (marga kêkês, wêdi, miris).
ting: I kn. wc. pating. II kn. lêntera.
tingal: 1 ki. mata; 2 kn. ênêring pandêlêng; malik [x] pr. 1 nyelaki kaantêpane (kayakinane); 2 mari sêtya ênggone nyuwita; mangro [x] pr. mangro kaantêpane (sêsêmbahane, pasuwitane); tumingal kw. 1 ndêlêng, nonton; 2 katon; ningali k. 1 ndêlêng; 2 nonton; kê-[x] k. katon; [x]-an. 1 ki. riyaya wêton; 2 (ut. têtingalan) k. tontonan; 3 êngg. k. pangilon.
(tingar): di-[x] êngg. kn. dicolong (tmr. raja-kaya).
(tingas): di-[x] kw. ditigas, dikêthok.

tinggal: n. tilar k. 1 lunga apa-apane dikèrèkake; 2 mbuwang, ngêmohi up. [x] kamuktèn, [x] tata-krama; 3 (ut. [x] donya) mati; [x] glanggang pr. oncat lunga saka ing kalangan (paprangan); [x] kokoh pr. nglungani pagawean sing durung rampung; [x] tapak jêro pr. ora nuhoni jangji; di-[x]. dikèrèkake, ora digawa; 2 ora dipraduli, ora ditindakake (dicakake); 3 ora diêjak lunga (mati) di-[x]-i. 1 kabèh ditinggal; 2 diwènèhi tinggalan (pusaka, dhuwit lsp); [x]-an. apa-apa sing ditinggal, warisan; kc. patinggal.
tinggar: kn. ak. bngs. bêdhil wuluh kuningan.
tinggêng: êngg, kn. 1 têtêp, panggêng, ora owah gingsir; 2 nyênyêt (ora kakehan swara), sêmu pêtêng.
tinggi: kn. ar. kewan sok manggon ing ambèn lsp; kc. patinggi.
(tinggil): di-[x] kn. 1 dijunjung, diumbulake; 2 ditibani apa-apa saka ing dhuwur; kc. têngggêl.
tingi: kn. ar. babakan sing dianggo ngadoni soga.
tingkah: kn. 1 patrap, solah; 2 êngg. pc. patrap kamanuhan sing ora bêcik; di-[x] kw. ditata, dirakit; kc. pratingkah.
tingkal: kn. ar. jasad dianggo adon-adon matri.
tingkas: êngg. kn. 1 têrang (lèrèn tmr. udan). 2 têrang, mangêrti; kirang [x] êngg. k. kurang têrang (êmbuh).
tingkat: êngg. kn. lotèng.
tingkêb: (ut. [x]-an) kn. slamêtan mitoni wong ngandhêg; di-[x]-i. dipitoni (dislamêti nalika mêtêng 7 sasi).
tingkêm: kn. bngs. tenggok cilik mawa tutup jêplakan; ningkêm wadi. ngrumat wadi; di-[x], [x]-an. ditutup ing amplop.
tingkês: (ut. [x]-an) kn. bngs. tèdhèng ut. aling-aling dianggo piranti mbêburu lsp; di-[x]. 1 êngg. diringkês, dicêkak; 2 dirampid.
(tingling): di-[x]-ake êngg. ditilingake.
tipak, tipêt: êngg. kn. tapak, tilas.
tipar: êngg. kn. têgal pagagan; di-[x] êngg. dirata, dirêsiki.
tipas: êngg. kn. tepas.
tipès: pc. kêtipès.
tipês: (W) kn. ar. lêlara ing usus.
tipis: I kn. 1 ora kandêl; 2 ora kênthêl tmr. kopi ut. tèh; 3 pc. mung kari sathithik, sathithik; nipis. saya suda (kurang); [x]-an atèn. 1 ora sêntosa atine; 2 jirih. II (W) kn. tukang ngêtik (nulis nganggo mêsin tulis).
tiplak: êngg. kn. bngs. trumpah (sandhal).
--- 608 ---
tiplèk ~ titis.
tiplèk: pc. tiplak.
tipu: kw. apus, cidra; di-[x]. diapusi.
tipung: pc. kêndhang cilik; kc. kètipung.
tipus: (W) kn. tipês.
(tipral): di-[x](i) êngg. ditipar.
tir: I (W) kn. ar. barang cuwèr rupane irêng sok dianggo ngêcèt. II (Tamil) kn. ar. rêricikane wong-wongan ing dolanan catur.

tira: (S) kw. têpi, pinggir.
tirah: I k. turah. II (S) kw. pinggir, têpi. III (ut. têtirah) kn. ngalih mênyang ing papan sing prayoga supaya bisa waras tmr. wong lara; di-[x]-ake. digawa tirah; pa-[x]-an. papan sing dianggo tirah. IV ut. tiras êngg. kn. tali rokok.
tirakat: kn. 1 êngg. ngêngurangi, nglakoni sêsirik lsp; 2 sujarah mênyang pasareyan lsp; di-[x]-i. ditunggu sarta dilèki tmr. wong lara lsp; [x]-an. 1 jagongan lek-lekan; 2 pc. jagongan nalikane duwe gawe lsp; 3 padha jiyarah; 4 pc. pasujarahan.
tirêm: kn. bngs. keyong ing sêgara.
tirêp: kw. surêm, timbrêng.
tirigan: êngg. kn. lageyan, saradan.
tiris: kw. krambil; [x]-an êngg. k. wit krambil.
tiryak: (S) kw. kewan.
tirkah: (A) kn. warisan, tinggalan.
tiru: kn. êngg. pc. kaya, mèmpêr karo; [x]-[x] êngg. pc. tumindak kaya, nulad; di-[x]. 1 ditulad, dituladha; 2 dipadhani (dipalsu); 3 pc. ditêdhak, diturun; ditirokake. ditindakake kaya pratingkahing liyan; tiron. 1 kang dudu sanyatane; 2 pêpêthan, palson; 3 têdhakan, turunan.
(tirok): [x]-[x] êngg. pc. tiru-tiru; di-[x] êngg. pc. ditiru.
tiron: kn. kc. tiru.
tirta: (S) kw. 1 banyu suci, padusan suci; 2 banyu ma-[x]. adus (rêrêsik) ing banyu suci.
tirtayatra: (S) kw. sujarah mênyang padusan suci.
tirtamarta: kw. banyu panguripan.
(tis): ma-[x] kw. adhêm, anyêp; ka-[x]-ên kn. ndhrêdhêg marga kadhêmên; kc. atis.
tisaya: kw. bangêt, kaluwih-luwih; kc. atisaya.
tisik: kn. jithêtan, dondoman; di-[x]. dijithêt, didondomi.
tisna: pc. trêsna.
tistis: kw. 1 adhêm, anyêp; 2 sêpi, sirêp; 3 sêdhih.
tita: 1 kw. kaliwat, wis kêpungkur; 2 kn. (wis [x]) wis katog (luwih saka cukup) ênggone nyrantêkake.
titah: kn. 1 dhawuh, pangandika; 2 br. takdir, pêpêsthèn; 3 nganakake apa-apa sing tanpa bêbakal; 4 dumadi, kang dianakake ing Pangeran (Dewa); tumitah. 1 dadi ana ing alam donya; 2 kabèh sing dumadi ana ing alam donya; tinitah. pinêsthi dadi, tinakdir; di-[x]-ake. 1 didadèkake (dianakake) ana ing alam donya; 2 ditakdir, pinêsthi; sa-[x](e). manut kodrate bae (ora nyêngka-nyêngka); kc. tetah.
titèn: I êngg. kn. rontogan rêrèncèk lan godhong tom, kêdhêle lsp. (sawise digawe nila, dijupuki kêdhêlene). II êngg. kn. titi.
titi: I kn. 1 sarwa ngati-ati nganti ora ana sing cicir; 2 pc. tlêsih bangêt ênggone mriksa; di-[x] pc. dipriksa (ditlêsihake) kalawan titi; dititèni. digatèkake kalawan têmên-têmên; kc. nastiti, satiti, titipriksa. II (S) kn. 1 tanggal, cirining dina, tanggal, sasi lan taun (ing layang-layang); 2 br. wis rampung, tamat; dititèni. dicirèni tanggal lsp.

titig: êngg. kn. 1 titikan, têngêran; 2 wis mari lara ut. mari susah.
titih: I kn. 1 atos, padhêt panggêmblènge tmr. kêris; 2 kw. tumpang, tindhih; 3 kw. unggul, mênang; murba [x] pr. numpangi gunêm; nitih. 1 kw. numpang; 2 ki. nunggang; di-[x]-i ki. ditunggangi; kê-[x] kw. kalah, kasoran; [x]-an ki. 1 tunggangan; 2 jaran; 3 indhing (kêmpitan).
titik: I (ut. [x]-an) kn. 1 tandha sing mratelakake; 2 têtêngêr, ciri; 3 apa-apa sing dianggo tandha-buktine barang sing ilang (sing lagi digolèki); di-[x]. 1 dilari, ditamatake ciri-cirine tmr. barang sing ilang lsp; 2 ditamatake kalawan titi; kê-[x]. 1 kawêruhan; 2 kêtêmu titikane, konangan. II kn. cêcêk, plênik cilik.
titik-iyik: [x] biyèn mula pc. wis wiwit lair, wis wiwit biyèn.
titik-mêlik: kn. cihnane barang sing dilari.
titi-mangsa: kn. 1 wêktu; 2 cirining tanggal, sasi lan taun.
titip: I kw. pipit, jêjêl riyèl. II kn. 1 nunut nyimpèn (ngrumat, ngopèni); 2 nunutake apa-apa supaya diêdolake; 3 nunut akon nukokake; di-[x]-i. 1 dikon nyimpên (ngrumati, ngopèni); 2 dinunuti apa-apa dikon ngêdolake; 3 dinunuti dikon nukokake; di-[x]-ake. dipasrahake supaya disimpên (dirumati, diopèni, diêdol, diwènèhake marang liyan); [x]-an. apa-apa sing dititipake. III [x]-an kn. titikan, têngêran.
titi-priksa: kn. titi; di-[x]. dipriksa, ditamatake kalawan titi.
titir: I kw. ora kêndhat, tansah; di-[x]. digêjêg. II kn. têngara sarana nabuh kênthongan nggêjêg; [x] pinajarake pr. dhawuh (kabar) nglari durjana ana ing bawahing liyan tanpa njaluk palilah.
titis: I kn. tètès, prêntuling banyu lsp; kc. tritis. II di-[x](i) kn. dicithak ing bathok lsp. (tmr. gawe gula krambil ut. gula arèn); panitisan. cithakan gula. III (ut. [x]-an) kn. panjalma, tumimbal lair; nitis. manjalma, tumimbal lair, manjing ing badaning manungsa ut. kewan; ngèlmu panitisan. ngèlmu bab nitis. IV pc. 1 trêp pênêr panujune; 2 kêrêp kêna (yèn mbêdhil, manah lsp); di-[x]-ake
--- 609 ---
pc. 1 dititi-priksa kalawan tlêsih; 2 ditandhing; kc. patitis.
titisara ~ tlêdhik.
titisara: (sawah) [x] kn. sawah ing desa (pamêtune dianggo wragad kabutuhaning desa).
(tiwar): kê-[x]-[x] kn. kêtlingsut, ora kopèn.
tiwas: kn. 1 nêmahi kacilakan; 2 ora kêdadean (kêbênêran); 3 (ut. [x]-tuwas) pc. tanpa guna, kangelan sing tanpa tanja; [x] kêbênêran pr. ora olèh gawe, nanging malah kêbênêran (ndadêkake lan bêgjane); niwasi. njalari tiwas (mati lsp); kê-[x]-an. nandhang kacilakan, nêmahi sangsara lsp.
tiwikrama: kw. nêpsu banjur malih rêrupan sing nggêgirisi; kc. triwikrama.
tlabung: I êngg. kn. bngs. wadung. II di-[x] kn. 1 ditladhung, dikabruk; 2 disêrang, ditêmpuh.
tlajak: êngg. kn. pathokan, tanjir sing jèntrèk-jèntrèk.
tlajêr: kn. lajêring oyod.
tlajung: êngg. kn. ajug-ajug.

(tlajuk): kê-[x] êngg. kn. kêlajuk, kêladuk.
tladha: pc. tuladha.
(tladhung): di-[x] kn. ditlabung, dikabruk.
tlaga: pc. talaga.
tlakup: kn. 1 blêbêding wit ut. têtuwuhan (upih, clumpring lsp); 2 (ut. [x]-an) jêbèbèhing topi ut. krêpus; di-[x]. dianthoki, diblêbêd; di-[x]-i. diblêbêd ut. disêlut; di-[x]-ake. ditêkuk diblêbêdake, ditêkut,[9] ditangkêbake.
tlalang: mating[10] [x], [x]-an kn. katon padha kêdawan.
tlale: kn. irunging gajah.
tlanakan: kn. guwa-garbaning biyung.
tlanjêr: kn. lajêr, kang dadi jalaraning lara, susah lsp; sing di-[x]-ake. sing dirosake, sing dianggêp dadi jalaran; kc. tlajêr.
tlanjuk: I êngg. kn. pathokan; kc. tlajak. II pating [x] kn. padha nglojok, padha kêdawan; kê-[x], kê-[x]-an. 1 kêladuk, kêbanjur; 2 kliru tampa, kliru surup.
(tlanjur): kê-[x] êngg. pc. kêbanjur, kêladuk.
tlandhing: êngg. kn. bumbung panderesan (sing ditadhahake ing bumbung sing nadhahi tètèsing lêgèn).
tlangkas: êngg. kn. cukat, sigrak.
tlangke: kn. rêmbên, rêndhêt, ora enggal; nlangke. 1 mêtu mbênêri dudu mangsane tmr. wowohan; 2 anèh, nyêle.
tlangkup: pc. tlakup.
tlangsa: kw. sêdhih dening apêsing awake; kc. nlangsa.
tlangso: ora [x] êngg. ora kêtlompèn; kê-[x] êngg. kêladuk.
tlanyak-tlanyak: kn. têka ana ing panggonaning liyan tanpa tata-krama.
tlapakan: kn. dlamakan, dhasaring sêpatu lsp.
tlapukan: kn. kulit tutuping mata.
(tlarak): kê-[x]-[x] êngg. kn. kêtula-tula, ora kopèn.
tlarap: kn. larap.
(tlasab): nlasab êngg. kn. lumarap mèncèng, ora pênêr.
tlasah: I pc. srasah. II di-[x] kn. diubrês (digolèki ana ing alas lsp); kc. slasah.
(tlasak): di-[x] kn. disasak, diliwati têrus; kc. slasak.
tlasar: êngg. slasar; di-[x]-i êngg. dilèmèki, dilambari.
tlasih: kn. ar. kêmbang.
tlatah: kn. wêwêngkon, jajahan.
tlatèn: n. tlatos k. nindakake apa-apa kalawan taberi lan sabar; di-[x]-i. dilakoni kalawan tlatèn.
tlacak: kn. 1 tracak; 2 tlajak.
tlacap: kn. clacap.
tlacar: (-an) kn. njênggar mrana-mrana tmr. oyod lsp.
tlawah: kn. ar. wadhah sing digawe kayu dianggo ngêkum babaran, pamakanan lsp.
tlawungan, tlawongan: êngg. kn. andhan-andhan wadhah tumbak; kc. plawungan.

tlèbêr: êngg. kn. klêlar-klêlêr, rêmbên.
tledhang-tlèdhèng: kn. mlaku-mlaku dlèdar-dlèdèr.
tlèdhèk: kn. wong wadon sing gawene njogèd ut. sindhèn.
tlèdhès: êngg. pc. ludhês, êntèk babar pisan; kc. tèdhès.
tledho: pc. tledhor.
tledhor: êngg. kn. rêndhêt ênggone nggarap pagawean, nglirwakake kawajiban (pagawean).
tlegongan: êngg. kn. tikungan, enggok-enggokan.
tlegram, tlegrap: kn. têlegram, telegrap.
tlèyèh, tlèyèk: kn. lèyèh-lèyèh, nglèyèh.
tlèmèk: êngg. kn. lèmèk.
tlempe: êngg. kn. kepang.
tlendho: kn. tledhor, rêndhêt.
tlèndhor: êngg. kn. tledhor.
tlenok: pating [x] pc. katon padha ayu-ayu.
tlèncang-tlèncèng: pc. 1 menggak-menggok; 2 ora kêna dipracaya.
tlengsor: êngg. kn. ngulandara golèk pangan.
tlepak: I mak [x], [x]-an kn. katêranganing barang kênthêl (gêtih lsp) kang tiba. II kn. ar. wadhah nam-naman dianggo wadhah kinang; kc. lepak, tepak.
tlepun: pc. têlepon.
tlepong, tlêpong: êngg. tlethong.
tleram, tlerap: kn. gêbyaring sorot; sa-[x]-an. sagêbyaran.
tlèrèp: êngg. kn. clèrèt.
(tlèsèk): kê-[x] êngg. kn. kacilakan marga dêdagangan lsp.
tlètèh: kn. tètèh.
tlètèk: kn. 1 (mak [x]) mêtu tmr. sêsukêr; 2 mêtu dhuwite (mbayari); 3 ks. anak.
tlècèk: pating [x] kn. padha sumêbar (tumiba) ing êndi-êndi tmr. rêrêgêd lsp.
tlethok: êngg. pc. tlethong.
tlethong: kn. tai kêbo (jaran lsp); di-[x]-i. dituku sadurunge lair tmr. pêdhèt lsp.
tlêbuk, tlêbok: pc. katêranganing barang sing tiba.
tlêdhik, tlêdhuk: pating [x] pc. padha runtuh (tiba).
--- 610 ---
tlethuk ~ tuba.
tlêdhuk, tlêdhok: kn. tlêbuk, tlêbok.
tlêkêm: (-an) kn. cêpukan wadhah rokok.
tlêkim: kn. sêmbahyangan marang wong mati; di-[x]. disêmbahyangake nalikane ngarêpake mati.
(tlêku): ke-[x] kn. kêtêkuk, kliru gunême.
tlêkun: kn. kalkun.
tlêkung: kn. rukuh (kanggo sêmbahyang wong wadon).
tlêmbuk: êngg. kn. palanyahan.
tlêmpak: kn. tumbak cêndhak.
tlênak, tlênêk, tlênik: pating [x] pc. pating pêthuthuk cilik-cilik.

tlênang-tlêning, pating tlêning: pc. pating pêthuthuk cilik-cilik pêpisahan; kakehan [x] pc. kakehan warna (ora maèdahi).
tlênang-tlênong: pc. ora padha ênggone mbage.
tlênong: pating [x] pc. katon têtumpukan ana ing êndi-êndi.
tlêncêng: êngg. kn. sumbu (diyan cilik).
(tlêngsêng): di-[x] êngg. digolèki mrana-mrana.
tlêpèk: mak [x] pc. katêranganing tiba ana ing jêmekan lsp.
tlêpok: mak [x] pc. katêranganing apa-apa sing tiba.
tlêpong: êngg. tlethong.
tlêsêp: mak [x] pc. sanalika mlêbu (nlusup); nlêsêp. nlusup mlêbu ing; di-[x]-ake. dilêbokake sarta ditutupi.
tlêsih: kn. njlimêt (satiti) bangêt ênggone nggolèki; di-[x]-ake. digolèki lsp. nganti tlêsih.
tlêtah: 1 êngg. k. tlutuh; 2 rêgêd, jênês.
tlêtêh: kw. rêgêd, jênês.
tlêcêkan: êngg. kn. kêkêcèh ing blêthokan.
tlêcêr: kn. 1 wilah katancêbake ing sawah lsp. dianggo dudutan mêmêdi sawah; 2 ([x] sangka) turun (lajêring turun) saka.
tlêthik: mak [x]. katêranganing apa-apa sing tiba (tmr. barang sing cilik); (udan) [x]. wiwit grimis.
tlêthok: pc. saèm. tlêthik (luwih gêdhe).
(tlika): di-[x] kw. dititi-priksa, ditêlik.
(tlikung): di-[x] kn. 1 ditalèni sikile tmr. kewan; 2 dibanda, dibêlok.
(tlikur): di-[x]-i êngg. kn. dirêksa, dijaga.
(tliktik): di-[x] êngg. pc. dititik.
tlimpe: êngg. kn. kepang.
tlingus: êngg. kn. wulu irung ut. kèlèk; kc. clingus.
(tlingsing): [x]-an pc. sliringan, ora pêthukan; kc. slingsing.
(tliring): kê-[x] êngg. kn. 1 kêna nanging ora pênêr; 2 kliru; kc. sliring.
(tlisib): nlisib kn. ora pênêr ênggone tumancêb; kê-[x]-an. ora pêthukan.
tlisig: êngg. pc. srisig.
tlisik: I kn. dhidhis; di-[x] êngg. pc. dipetani, dititi. II di-[x] pc. ditisik.
tlisir: kn. plisir.
tlisut: kc. tlingsut.
tliti: I kw. 1 turun; 2 darah. II kn. titi; di-[x]. dipriksa kalawan titi.
(tlitik): di-[x] kn. dititik, dititi-priksa.
tliwang: êngg. kn. ora padha, ora trêp.
(tliwêng): kê-[x] kn. klèdhong, kêlalèn (kliru).
tluka, tlukah: ut. tê-[x] êngg. kn. têtruka.
tluki: kn. ar. kêmbang; 2 ar. tênunan.
tlumpah: êngg. kn. trumpah.
tlundhag: kn. kayu lsp. pancadan ing ngarêp lawang.
tlungsung: pating [x] kn. padha pating blulung marga ana prakara sing wigati.
(tlungtik): di-[x] êngg. kn. dipindêng.
tlunyak-tlunyuk: êngg. pc. bênyunyak-bênyunyuk.

tlusap-tlusup: kn. bola-bali mlêbu (nlusup) ing.
(tlusuh): di-[x](i) kn. ditutu (isih sawulène).
(tlusup): nlusup kn. mlêbu ing sangisore apa-apa.
(tlusur): di-[x] kn. digrayangi (dimèk-mèki) prêlu nggêgolèki; 2 digolèki kalawan titi (diurut-urut); [x]-an pc. mlêbu ing êndi-êndi tanpa tata-krama.
tlutuh: kn. 1 banyuning têtuwuhan ut. woh sing isih mêntah; 2 rêgêd, jênês.
tlobèh: kn. kambanên, kêjêmbarên.
tlole, tlolèr, tlolor: mak [x] kn. katon mêtu sarta dawa (kaya ula).
tlompak: êngg. kn. ar. wadhah banyu (pangombèn raja-kaya).
tlompe: kn. randhat, rêmbên.
tlondho: kn. durung duwe êlar tmr. gangsir lsp.
tlontong: êngg. pc. trontong.
tloncang-tloncong, tloncongan: pc. lunga (mlaku) mrana-mrana nggugu karêpe dhewe; kc. loncong.
tlongtong: pating [x] êngg. pating blêntong.
(tlop): di-[x]-i kn. disauri (disahi) nganggo barang (utang dhuwit disauri barang); di-[x]-ake. disaurake, diêngo ngêsahi utange.
(tlorong): [x]-[x] kn. gêbyar-gêbyar sumorot; tumlorong. 1 sumorot; 2 lumêpas bantêr; di-[x]. 1 dilêpasi tumbak lsp. sing disawatake bantêr; 2 disaut ing ula sing tumlorong; kê-[x]. kêsorotan.
(tlosog): pating [x], [x]-[x] kn. padha mlaku (nggrêmêt) ngglangsur kaya lakuning ula, padha rumambat ing lêmah tmr. oyod lsp; nlosor. lumaku ngglangsur kaya ula, têturon mêngkurêb lan slonjor, rumambat ngambah ing lêmah tmr. oyod lsp; di-[x]-i. diparani apa-apa sing nlosor; [x]-an. têturon ngglongsor.
tlotok: ks. anak, turun; kc. dlodok, tlètèk.
tlocor: ut. [x]-an êngg. pc. 1 têturon nggloso; 2 murang tata.
tu: I pc. wc. 1 pitu; 2 Sabtu; 3 kêrtu. II (C) êngg. lêmari gêdhah; kc. tuk.
(tub): ka-[x] kw. kadhêsêk, kaêsuk, katrajang, katêmpuh.
tuba: kn. jênu; di-[x]. diwisaya nganggo tuba tmr. iwak loh.
--- 611 ---
tuban ~ tulah.
tuban: kw. (banyu) grojogan.
tubar: êngg. kn. oyod sing kumambang ing lêmah; di-[x]. diabang nganggo oyod kudhu.
tubi: br. tuba.
tubug: êngg. kn. dubug.
tubungên: êngg. kn. celad, cedhal.
(tubras): di-[x] pc. ditumbuk, ditujah.
(tubruk): di-[x] kn. 1 didêmak kalawan mêncolot; 2 disêngaja marga sêlak butuh (utang, bojo lsp).
tuding: kn. 1 apa-apa sing dianggo ancêr nuduhake (jarum jam lsp); 2 katêrangan kaca ing layang; 3 driji panuduh; 4 acung-acung

nênuduhake; di-[x]. dipatah dikon nindakake; di-[x]-i. 1 dipatah, dituduh; 2 diacungi ing driji.
tuduh: n. têdah k. 1 br. pakon, wêwarah; 2 tuding, ancêr-ancêr; [x]-[x]. awèh wêruh, nuturi; di-[x] br. dikon, diwarah; di-[x]-i. diwènèhi wêruh, dikon ndêlêng, diwènèhi ancêr-ancêr; di-[x]-ake. diwènèhi wêruh, dikatonake supaya didêlêng.
tujah: kn. panarka, pandakwa; di-[x]. 1 ditubruk (kang katamakake sikile sing ngarêp tmr. jaran lsp); 2 didakwa, ditarka.
tujah bumi: kn. sikile ngarêp pancal tmr. jaran.
tuju: kn. 1 ênêr, arah, sing disêdya (dikarêpake); 2 bngs. têluh ditamakake saka kadohan; [x]-ne. kabênêran dene, bêgja dene ...; tumuju br. ngênêr marang; di-[x]. 1 diênêr, diarah, dikarêpake; 2 ditêluh sarana tuju; kc. nuju, panuju, pinuju.
tuju bumi: (dharatan) kn. guna-gawe sarana dipêndhêm ing sacêdhaking omahe, ngarêp lawang lsp.
tuju layaran: kn. têluh katamakake saka kadohan.
tujon: kn. ar. dolanan sarana nuju.
tujwa: br. tuju.
tudhuh: êngg. tuduh.
tudhun: êngg. kn. dhuwit kang dianggo udhu (urunan).
tudhung: kn. 1 apa-apa sing dianggo tutup êndhas murih ora kêpanasan; 2 êngg. caping; [x] pacul-gowang. topi lakên blêndhuke saparo growah.
tug: pc. 1 têkan ing, kêtug ing; 2 dhèk nalika, tutug ing.
tugae, tuggae: êngg. pc. ditogake bae.
tugar: êngg. kn. bngs. linggis (gêjig) kanggo nggarap patêgalan.
tugêl: kn. 1 putung (marga dikêthok, dicoklèk lsp); 2 pêdhot tmr. dalan lsp. (marga katrajang liyane); 3 dipindhoni diluku malang; 4 paro, têngah, up. karo [x] = 1½, têlu [x] = 2½; di-[x]. diputung, dikêthok, dipêdhot; [x]-an. 1 olèh-olèhane nugêl, apa-apa sing wis tugêl; 2 paron, têngahan; 3 ks. maru.
tugi: kn. rambuting pari.
tugu: kn. saèm. saka gedhe sing digawe watu lsp. sianggo têtêngêr; kaya [x] pc. ora duwe nalar; ditugokake ks. dianggêp tugu (dianggêp dudu wong).
tugur: kn. 1 êngg. tansah ngêntèni ana ing sawijining papan; 2 êngg. jaga ana ing pajagan lsp; 3 (ut. [x]-an) rina-wêngi rêrewang ut. njaga ing papaning wong duwe gawe, priyayi luhur lsp; di-[x]-i. dijaga rina-wêngi.
tuha: kw. tuwa.
Tuhan: kn. Gusti Allah.
tuhu: I kw. nyata, têmên; 2 br. sêtya, mantêp lan têmên; sa-[x] br. sanyata, têmênan; di-[x], dituhoni br. 1 sêtya marang; 2 ditêtêpi, ora mblenjani; kc. gugon tuhon, mituhu. II (ut. tuu, tuwu) kn. ar. manuk (kolik lanang).
(tuhuk): di-[x] kw. disuduk.
tuhun: kw. 1 mula nyata; 2 sênadyan, nanging; kc. tuhu.

tuk: kn. 1 undêran pambuwaling banyu saka ing lêmah; 2 asal, lajêr, mula bukane; ngêtuk. mêtu banyune. II êngg. olèh, entuk; [x]-e êngg. olèhe, ênggone. III kn. 1 meja sajèn ingarêp têpekong; 2 (lêmari [x]) lêmari wadhah piring lsp.
tukang: I kn. 1 kang kêrêp nindakake (tansah nindakake), up. [x] maido; 2 juru, wong kang nggarap gawe (kriya, pakaryan, lsp), up. [x] bêsi, [x] batu, [x] kêbon lsp; nukang. nindakake pakaryan tukang kayu (bêsi). II kn. ar. kewan bngs. kêthèk.
tukar: I 1 (ma-[x]) kw. kêrêngan, padu; 2 [x] padu, [x]-an kn. pêpadon, kêkêrêngan; di-[x]-i êngg. dibêbeda. II di-[x] êngg. pc. diganti, diijoli.
tukar-maru: kn. ar. iwak loh.
(tukêl): di-[x] kw. dirangkêp, ditêkuk; (lawe) sa-[x] kn. lawe sabêndhêl.
tuku: n. tumbas k. mundhut ki. 1 ngêpèk hak ut. baranging liyan diliróni dhuwit; 2 mbatang tmr. cangkriman; [x] sendhe. tuku barang nanging isih kêna gênti dituku; [x] warta br. ngrungok-ngrungokake pawarta; di-[x]. diêpèk kanthi diliróni dhuwit; nukoni. 1 tuku marang; 2 mènèhi dhuwit marang wong tuwane calon pangantèn wadon; tukon. 1 apa-apa sing dituku, up. batur tukon; 2 dhuwit sing kawènèhake marang wong tuwane calon pangantèn wadon; tukon pasar. uba rampe praboting sajèn.
tukung: I kn. tanpa buntut tmr. pitik. II di-[x] kw. diburu.
(tukup): di-[x] kn. 1 ditutupi nganggo tangan kalawan enggal-enggalan tmr. mata, cangkêm lsp; 2 dicêkêl sarana dikêpung, digropyok.
tukon: n. tumbasan k. kc. tuku.
(tukrup): di-[x] êngg. ditukup.
tula: I (S) kw. traju, timbangan. II kê-[x]-[x] kn. tansah nandhang sangsara; kê-[x]-[x] katali pr. tansah kacilakan.
tulad: kn. tiru, tuladha; di-[x]. ditiru, diconto; têtuladan. conto, kang wis kêlakon sarta dadi conto.
tuladha: kn. pola, conto; dituladhani. diwènèhi tuladha.
tulah: I (ut. [x] sarik) kn. walat, bêbênduning [bêbên...]
--- 612 ---
[...duning] Allah marga nêrak prakara sing suci. II (W) kn. undhakan, wuwuhan bayar lsp.
tulak ~ tumbu.
tulak: kn. 1 ([x] bilahi, [x] tanggul) sarana sing dianggo mbalèkake lêlara, sangsara lsp; 2 bali ing dina iku uga (ora nginêp); 3 ulês irêng kacampuran putih tmr. pitik; di-[x]. 1 dibalèkake, ditanggulangi; 2 dibalèkake murih aja nganti têka tmr. lêlara, udan lsp; 3 disodhokake bali; 4 ditampik, ora dituruti tmr. panjaluk, usul lsp.
tulakan: kn. bolongan (talangan) ing galêngan dianggo ngilèkake banyu.
tulak balik: kn. 1 lêlungan ora nginêp; 2 kêlakone sulaya karo kang kawahya ing impèn.
tulak bara: kn. bandhul dianggo momoti prau; kc. bara.
tulak sawan: kn. sarana dianggo nulak lêlaraning bocah.

tulak sêpata: kn. nandangi (nglakoni) parentah mung supaya aja diarani ora gêlêm.
tulale: kn. irung gajah; kc. tlale.
tulang: I kn. kothakan dianggo adu jangkrik. II êngg. pc. balung.
(tular): [x]-tumular kn. lumembar tundha-tumundha; nular. 1 mrèmèn ngênani liyan tmr. lêlara, gêni lsp; 2 olèh sêsurupan lsp. saka ing liyan; nular gêni. ngêmpakakake gêni; nular warta br. ngrungok-ngrungokakake pawarta; di-[x]-i, kê-[x]-an. 1 kêna ing lêlara lsp. saka ing liyan; 2 olèh sêsurupan saka ing liyan; 3 kêdayan dening liyan.
tulèk: êngg. pc. nuli, tumuli.
tulèn: kn. murni, ora kêcampuran liyane.
tuli: I êngg. 1 enggal-enggalan, banjur; 2 (ut. [x] si) rak, rak nyata ta; kc. nuli, tumuli. II kw. budhêg.
tulirang: kn. ar. iwak loh.
tulis: n. sêrat k. 1 kang ginambar ing aksara, layang; 2 gêgambaran (coraking) aksara; 3 (ing [x]) ing layang, ing basa kang katulis; 4 pêpêsthèn; di-[x](i). 1 digambar sarana aksara; 2 dicathêti; 3 dipêsthi, tinakdir; [x]-an. apa-apa sing ditulis, olèh-olèhane nulis.
tulya: I kw. 1 tulèn, murni; 2 nuli, banjur; kc. tuli. II kw. kaya, padha karo.
tulyasri: kw. bêcik bangêt.
tulung: ut. têtulung kn. awèh pambantu (pasumbang, kêkuwatan lsp) marang liyan; [x] mênthung pr. katone têtulung nanging sajatine malah agawe sangsara; di-[x]. 1 (ut. di-[x]-i) diwènèhi pambantu (pasumbang, kêkuwatan lsp); 2 diênêng-ênêngi murih aja nangis; pi-[x], pi-[x]-an, [x]-an. pambantu, sarana sing dianggo nulung.
tulup: ut. [x]-an kn. wuluh dianggo nglêpasake pasêr, glintiran lêmpung lsp. sarana disêbul; di-[x]. dilêpasi glintiran lêmpung lsp. sarana tulupan.
tulus: kn. 1 lêstari slamêt, tanpa sambekala; 2 êngg. kêlakon têmênan, kalêksanan; 3 rêsik budine, utama; di-[x]-ake. dilêstarèkake, dibanjurake.
(tum): di-[x](i) êngg. kn. diwungkus ing godhong sarta dikukus.
tuma: kn. itik ki. ar. kewan cilik-cilik sok manggon ing rambut.
tumama: kn. kêna ing, lumêbu ing; kc. tama.
tumambang: kw. mlêthèk, ngaton tmr. srêngenge.
tumambuh: kn. ethok-ethok ora wêruh (ngrêti); kc. tambuh.
tuman: kn. manuh (matuh, kumudu ngrasakake manèh) marga wis tau ngrasakake enake (kêpenake); numani. njalari tuman; ditêtuman. dilêlatih supaya tuman.
tumandang: kn. nindakake pagawean; kc. tandang.
tumanduk: br. kêna ing, ngênani; kc. tanduk.
tumandur: n. tumanêm k. 1 wis ditandur; 2 tumancêb, manggon; kc. tandur.
tumanja: kn. 1 wis ana tanjane (gunane); 2 dipigunakake; kc. tanja.
tumanjêm: êngg. kn. tumancêb jêro; kc. tanjêm.
tumancêb: kn. nunjêm ing lêmah lsp; kc. tancêb.

tumang: kn. ganjêl ing lambening luwêng ut. pawon; [x]-an. 1 êngg. tumpukan; 2 tunon, pangobongan.
tumanggah: kw. saguh, nanggulang; kc. tanggah.
tumanggal: kn. rêmbulan tanggal ênom; kc. tanggal.
tumangguh: br. panggah nanggulangi; kc. tangguh.
tumangkar: kn. manak-manak akèh, mundhak-mundhak akèh; kc. tangkar.
tumangkêb: kn. tumutup nangkêb; kc. tangkêb.
tumapak: kn. 1 sikile ngambah lêmah; 2 wiwit tumindak; kc. tapak.
tumaruna: kw. ênom tmr. gêgodhongan lan têtuwuhan; kc. taruna.
tumat: êngg. kn. mencok.
tumbak: n. waos k. 1 lêlandhêp mawa landheyan; 2 cêngkal, ru (± 3,77 m); [x] berang. tumbak landheyane cèt-cètan; [x] lilit-uwi. tumbak sing landheyane diêcèt lorèk pêpulêtan; [x] tambuh. nambuh, tumambuh; [x] cucukan pr. para wadulan; di-[x]. ditamani tumbak; [x]-an. 1 têtironing tumbak; 2 gênti numbak; 3 sêdulur kakang adhi olèh kakang adhi nanging sing tuwa olèh ênom, sing ênom olèh tuwa.
tumbal: kn. sarat dianggo nulak lêlara (kacilakan); di-[x]-i. disranani nganggo tumbal.
tumbar: pc. kêtumbar.
tumbas: k. tuku.
tumbêng: kn. gêbingan kayu ditrap ing wrangka (bumbungan gêndèr, grobogan gambang lsp) supaya bolongane luwih ciyut; di-[x](i). ditrapi tumbêng.
(tumblog): di-[x] êngg. digudag, dibijig.
tumbu: kn. 1 bngs. sênik; 2 êngg. ar. wadhah wangun pêsagi mawa tutup;
--- 613 ---
kaya [x] olèh tutup pr. olèh jodho sing nunggal wêwatakane (kêkarêpane).
tumbuk ~ tumpang.
tumbuk: I kn. 1 (ut. [x]-an) têmpukan padha dene bantêre; 2 gathuk, kêbênêran nunggal wêktu; 3 petungane dina, tanggal, sasi bali kaya sing uwis tmr. wêton (umur 8, 16, 24, 32, lan 64 nganggo dislamêti); di-[x]. dibêntus, digabrus; [x]-an. 1 têmpukan, bêntusan; 2 riyaya slamêtan nalikane tumbuk wêtone. II êngg. kn. piranti dianggo ngêbrug lêmah; di-[x]. 1 dibrug; 2 ditutu.
(tumbruk): di-[x] êngg. ditubruk.
tumeja: br. sumunar, sumorot mawa teja; kc. teja.
tumèmpèl: kn. ndhèmpèl; kc. tèmpèl.
tumèmplèk, tumemplok: kn. rumakêt, lèngkèt; kc. tèmplèk, templok.
tumèplêk: kn. sumèlèh (tiba, linggih) mak tèplêk.
tumètès: kn. mrêntul tètès.
tumêdhak: 1 ki. mêdhun; 2 k. tumurun.
tumêdhuh: kn. pêtêng kasaput mêndhung; kc. têdhuh.
tumêdhun: kn. mudhun, mêdhun; kc. têdhun.
tumêg: kn. 1 kêlêgèn bangêt; 2 wis katog ênggone mêmangan.

tumêguh: kn. ambêk têguh, kukuh sêntosa; kc. têguh.
tumêka: n. 1 (dhumatêng k) marang, ngênêr ing; 2 (dumugi k) têkan, têkan ing; kc. têka.
tumêlung: kn. 1 tumiyung tmr. pang; 2 bengkong tmr. tumbak; 3 êngg. gêdhe sarta kêpenak tmr. swara; kc. têlung.
tumêmbirang: kw. mêmpêng sarta sigrak.
tumêmên: kn. kanthi têmên-têmên; kc. têmên.
tumêmpuh: br. mangsah, nêmpuh; kc. têmpuh.
tumêndhil: kn. tai tikus.
tumênga: kn. nyawang mêndhuwur; kc. tênga.
tumêngèng tawang: br. padha nyongat munggah tmr. alis.
tumênggêl: br. nênggêl; kc. tênggêl.
tumênggung: 1 kw. pangarêping prajurit; 2 kn. sêsêbutaning bupati; 3 bupati.
tumêngkar: kn. njênggar mrana-mrana; kc. têngkar.
tumiba: n. dhumawah k. runtuh saka ing dhuwur; kc. tiba.
tumiyung: kn. mantêlung; kc. tiyung.
tumiyup: kn. nglayang bantêr, mlaku bantêr tmr. angin; kc. tiyup.
tumiling: kn. 1 ngrungokake (nyawang) kalawan têmên-têmên; 2 (srêngenge [x]) wayah esuk ± jam 10 - 11; kc. tiling.
tumimbang: br. padha têtimbangan, babag; kc. timbang.
tuminah: kn. sarèh sarta sêtiti.
tumindak: kn. mlaku, ditindakake.
tumingal: k. tumon.
tumitah: kn. dumadi; kc. titah.
tumitis: br. manjing ing manungsa ut. kewan; kc. titis.
tumlawung, tumlowong: kn. (swara) sêru krungu saka kadohan.
tumlendho, tumlondho: kn. durung duwe êlar tmr. gangsir lsp. kc. tlondho.
tumloncong: kn. umur-umurane bocah lagi sênêng tloncongan; kc. tloncong.
tumlorong: kn. 1 sumorot, lumarap; kc. tlorong.
tumuding: br. acung-acung nudingi; kc. tuding.
tumuju: kn. ngênêr (nuju) marang; kc. tuju.
tumuli: n. tumuntên k. enggal-enggalan, banjur; kc. tuli, nuli.
tumumpang: kn. 1 sumèlèh ing sadhuwure; 2 dumunung ing dhuwur sarta ora wrata tmr. sawah; kc. tumpang.
tumumpuk: kn. sungsun têtumpukan; kc. tumpak.
tumunjêm: kn. 1 tumancêb jêro; 2 br. nganti konjêm ing lêmah; kc. tunjêm.
tumundha: -(tundha) kn. rambah-rambah, tundha-tundha; kc. tundha.
tumuntên: k. tumuli.
tumuntur: kw. tut-buri; kc. tutur.
tumungkul: kn. 1 ndhungkluk ndhêkukul; 2 mêmpên ênggone tumandang ing gawe; 3 br. têluk; kc. tungkul.

tumurun: n. tumêdhak k. 1 mudhun, mêdhun; 2 mêdhun saka patarangan tmr. kuthuk; 3 mayat, ndronjong tmr. payon lsp; 4 gumanti marang turun (anak putu); 5 ditêdhak tmr. tulisan; kc. turun.
tumus: kn. 1 mbrabas mili; 2 ndayani marang; numusi. ndayani, kêlakon têmênan marga diajab; kc. tus.
tumut: k. mèlu; kc. tut.
tumutup: kn. nangkêp rapêt, kc. tutup.
tumutur: kw. tut-buri; kc. tutur.
tumuwuh: kn. dumadi (mubarang sing urip); kc. tuwuh.
tumolèh, tumolih: kn. mengo mamburi; mandhêg [x]. mangu-mangu, gojag-gajêg; kc. tolèh, tolih.
tumok: êngg. pc. tumon.
tumon: n. ningali k. 1 wêruh; 2 ndêlêng; kc. ton.
tumoninah: kn. sarèh bêbudène.
tumonton: br. nonton, ndêlêng; kc. tonton.
(tumpa): (ma) [x]-[x] kn. tumpuk-tumpuk, sungsun-sungsun.
(tumpak): I numpak k. nunggang; II mantu [x] ponjèn kn. mantokake anak wragil. III kw. Sabtu.
tumpal: I kn. coraking bathikan gêgambaran maju têlu jèntrèk-jèntrèk (ing pinggiran sarung lsp). II kw. sarah, larahan; numpal kèli pr. lêlungan nunut-nunut, lêlungan tanpa jujug.
tumpang: kn. 1 sungsun, têtumpukan; 2 sumèlèh ing sadhuwure; 3 êngg. dumunung ing dhuwur, ora wrata tmr. sawah; 4 perangan sing dhuwur dhewe tmr. dagangan sing ditumpuk; 5 bantalaning lapak; 6 kayu têtêmpukan sungsun ngubêngi plangitan têngah tmr. omah joglo; numpang. 1 dumunung ing sadhuwure, nindhih; 2 mênang padune (prakarane); 3 êngg. nunut mondhok sarta [sar...]
--- 614 ---
[...ta] mangan (sarana bayaran), nunggang prau lsp; di-[x]-i. 1 ditindhihi, didokoki apa-apa ing sadhuwure; 2 diwuwuhi rêmbug (gunêm); 3 êngg. dipondhoki; 4 êngg. ditunggangi, dinunuti nunggang.
tumpang-paruk ~ (undhung).
tumpang-paruk: êngg. kn. tumpang-so.
tumpang-sari: kn. 1 balok (gêbingan kayu) têtumpukan ing peranganing omah joglo; 2 êngg. ditanduri palawija warna loro bêbarêngan; 3 êngg. sundha tmr. anggunging dêruk.
tumpang-suh: pc. tumpang-so.
tumpang-so: kn. tumpang-tumpangan ora tata; 2 ora kalawan tata (urut), ruwêt.
tumpang-tindhih: kn. têtumpukan tumpang-tumpangan.
(tumpêk): di-[x] êngg. ditumplak; kc. tumpak, tumplak, tumplêk.
tumpêng: kn. sêga diwangun pasungan (dianggo slamêtan).
tumpêr kn. kayu diobong sing isih mêngangah; [x] cinawêdan pr. bocah sing ora karuwan bapake.
tumpês: kn. sirna (mati) kabèh; di-[x]. dipatèni kabèh.

tumpi: I kn. singgêtan ing ros-rosaning pring. II kn. ar. panganan bngs. opak.
tumplak: (ut. [x] blak) kn. 1 wutah (mêtu) kabèh marga wadhahe disuntak; 2 mêtu (kawêtokake, kaêsokake, kawulangake) kabèh; di-[x]. 1 diêsokake tmr. sêga lsp. sarana wadhahe disuntak; 2 diêsokake (diwêtokake) kabèh.
tumplêk: êngg. kn. kc. tumplak.
tumplêk blêg: êngg. kn. tumplak blak.
tumpling: êngg. kn. bngs. kranjang dianggo mikul lêmah, palawija lsp.
(tumpu): di-[x] kn. dibêburu tmr. kidang mênjangan lsp. diwisaya tmr. iwak loh.
tumpuk: (ut. [x]-an) kn. apa-apa sing disungsun têtumpangan; di-[x]. disungsun têtumpangan.
tumpuk-undhung: kn. têtumpukan akèh bangêt.
tumpuk-timbun: kn. têtumpukan akèh.
tumpur: (ut. lêbur [x]) kw. tumpês, rusak babar pisan; di-[x]. ditumpês, dilêbur.
tumragal: êngg. kn. ambyuk ing, ngêbyuki; kc. tragal.
tumrah: kw. tumurun-turun; kc. trah.
tumrampil: kn. sarwa (ambêk) trampil; kc. trampil.
tumrap: kn. 1 dumunung ing, sumèlèh ing; 2 mungguh, pantês, wis lênggah; 3 mungguh ing; 4 pc. kanggo, dianggo; di-[x]-ake. 1 ditrapake ing, dicakakake marang; 2 pc. dianggo, dipiji kanggo; kc. trap.
tumrapta: kw. têka, têkan, mênyang ing; kc. prapta.
tumrawang: kn. rêsik apadhang; kc. trawang.
tumrêcêp: kn. 1 rumasuk ing; 2 gampang lèngkète ênggone pasrawungan; kc. trêcêp.
tumrucuh: kn. isih rada mêntah tmr. wowohan.
tumrunuh: êngg. pc. tumruntun.
tumruntun: kn. urut-urutan nracak.
tumrontong: kn. wiwit mlêthèk tmr. srêngenge; kc. trontong.
tumwas: kw. ak. tuku; kc. tumbas.
tuna: kn. 1 êngg. cupêt, kurang, sarwa kêkurangan (kêcupêtan); 2 rugi, ora olèh bathi; [x] (ing) budi br. kurang sêsurupane (bodho); [x] ing sastra br. ora bisa maca lan ora bisa nulis; [x] ing wêweka. kurang wêweka; ditunakake. diêdol tuna; kc. pituna.
tuna-dungkap: kn. ora trêp, kêladuk utawa kurang.
tunangan: êngg. pc. pacangan.
(tunas): I [x]-an êngg. kn. lorodan pangan (sisa). II di-[x]-i êngg. kn. ditêgor (didhongkèl) tmr. tunggak lsp. [x]-an êngg. pc. thikilan.
tundhon: (-e) êngg. pc. wasanane, têmahane.
(tunjang): I di-[x] kn. 1 ditumbuk, ditêrak ing kreta lsp; 2 pc. digabrus, didakwa sing ora nyata; nunjang-nunjang. tumindak tanpa pikiran. II di-[x] êngg. pc. diwènèhi pitulungan dhuwit; [x]-an. pitulungan awujud darma lsp.
(tunjêl): di-[x] kn. 1 disusul, ditututi; 2 disodhokake, dijorogake, disurung.

(tunjêm): nunjêm kn. tumancêb jêro; di-[x]-ake. ditancêbake nunjêm; kc. tumunjêm.
tunjuk mukak: pc. ngatonake raine, golèk alêm.
tunjung: I kn. 1 kêmbang trate; 2 kuningan lsp. kawangun lancip kaêtrapake ing buntaring tumbak; [x] tuwuh ing sela pr. prakara sing mokal. II kn. ar. jasad asal saka wêsi.
tundha: I kn. 1 ambal, undhak-undhakan; 2 sungsun, lêlapisan, rangkêp, urut-urutan; [x] bemo pr. salah tampa; [x]-[x]. sungsun-sungsun, lêlapisan, ambal-ambalan; di-[x]. 1 disungsun, dilapis-lapis; 2 ditututake, dibantokake. II di-[x]([x]) kn. dilantarake (diwènèhake) lembat-lembatan; ditundhakake. 1 (ut. tundhan) disadhiyakake kanggo nglantarake (jaran, kuli lsp); 2 dilantarake (ditampani) banjur ditêrusake marang liyan; tundhan. 1 (ut. tundhan lari, tundhan turutan êngg) lembat-linembatan; 2 jaran ut. kreta pos; 3 kuli sing tanpa ayahan bngs. gugur gunung; 4 jaran ut. kuli kang dianggo nundhakake marang pos liyane.
(tundhês): di-[x] kn. ditakoni (diwêlèhake) marga maune kandha sing ora bênêr.
tundhuk: kw. 1 kêpêthuk, kêtêmu; 2 êngg. nungkul, têluk.
tundhun: kn. rentenganing gêdhang ing gulu-banyak, êngg. uga janjangan krambil.
(tundhung): I di-[x] kn. dikon lunga saka ing omah (nêgara, pakarangan). II kn. godhong pare ayam (yèn arêp dianggo jêjamu).
--- 615 ---
tuni ~ tur.
tuni: êngg. k. tuna.
tunu: êngg. kn. gêni; di-[x] êngg. 1 diobong; 2 dibakar, dibênêm, dipanggang; tunon. 1 pangobongan; 2 wis diobong tmr. alas; 3 (kayu tunon) kayu bong.
(tuntak, tuntêk): di-[x] kn. disuntak (diêsokake) wadhahe kajungkir; kc. suntak, wutah.
tuntas: kn. 1 wis apuh, wis mili kabèh; 2 wis asat (garing) marga wis mili kabèh; 3 kw. cêtha sarta ganêp anggone gunêman (nglairake gagasane); di-[x]-ake. diêpuh (diêsok lsp) supaya tuntas.
(tuntên): tumuntên k. tumuli.
tuntum: kn. pulih gathuk manèh kaya maune, pulih tmr. tatu lsp; di-[x]-ake. dipulihake, dikumpulake manèh, ditambani tmr. gudhig lsp.
(tuntun): I di-[x] kn. 1 diirid (diajak mlaku) sarana dicêkêli tangane (yèn kewan sarana dicêncang gulune); 2 diajari maca, dituduhake marang dalan kang bênêr lsp. II [x]-an ki. ari-ari, êmbing-êmbing.
tuntung: I kn. 1 pucuk, puncak; 2 rada kêcampuran rasa liya, up. [x] pait; kc. tungtung. II [x]-ing ati br. kang dièsthi, kang dijangka.
tuntut: kn. 1 kêmbang gêdhang saanthoke; 2 jantung.
tung: kw. ak. pucuk.
tungan: kw. pucuk, puncak.
tungga: kw. pucuk, puncak, pangarêp, kang linuwih.

tunggak: kn. pogoganing wit sing ditêgor; [x] têngah, [x] waru pc. ora mèlu-mèlu, ora ngiloni; [x] kalingan rone (rondhon) pr. ngrasani wong, nanging kang dirasani ana ing kono; nunggak. 1 kaya tunggak; 2 kêtandhêg ora mbayar pajêg lsp; nunggak basa pr. diwêlingi ora ngandhakake kabèh kang diwêlingake; nunggak bojo. ngrabèni tilasaning sadulur tuwa; nunggak sêmi. nunggal jênêng (pangkat) karo sing digêntèni (wong tuwane); [x]-an. 1 kêkèrèhing pagawean lsp; 2 tandhêgan kêkèrèning utang, pajêg lsp; 3 ([x]-an bojo) tilas bojo.
tunggal: n. tunggil k. 1 br. iji, siji; 2 awor dadi siji, padha jinise (karêpe, golongane); [x]-e. kang kalêbu ing golongane (jinise); sêdulur [x] bapa (biyung). sêdulur kang asale saka bapa (biyung, bapa-biyung) sing padha; [x] kokoh. tunggal pagawean; sêdulur [x] kringkêl ks. tunggal bapa-biyung; sêdulur [x] wêlad. tunggal bapa-biyung; nunggal. 1 awor (ngumpul) dadi siji; 2 padha jinise (golongane lsp); di-[x]-ake. dikumpulake dadi siji, digolongake; têtunggalan. amor karo, kêkumpulan karo.
(tunggang): nunggang n. numpak k. nitih ki. linggih (tumumpang) ing apa-apa sing mlaku, up. nunggang jaran; [x]-an. 1 (ut. têtunggangan) apa-apa sing ditunggangi; 2 ênggone nunggang(-i); 3 gigiring gunung sing dhuwur.
tunggang gunung: kn. wayah sore srêngenge mbênêri ana ing gigiring gunung.
(tunggangtaya, tunggèngtaya): di-[x] êngg. disêpèlèkake, disorake.
tunggara: êngg. kn. kidul wetan (tmr. angin).
tunggil: k. tunggal.
tunggir: kw. ak. gigiring gunung.
tunggu: n. têngga k. 1 rumêksa, njaga; 2 êngg. pc. ngêntèni; di-[x]. dirêksa, dijaga; ditunggoni. dirêksa (dijaga, diawasake) sarana dêdunung ing sacêdhake; tunggon. 1 papan padunungane para abdi kang padha sumadhiya ngêntèni timbalane bêndarane; 2 gamêl.
tungguk: 1 n. caos k. nindakake ayahan jaga ana ing dalême panggêdhe, ing kraton lsp; 2 êngg. ngêntèni; di-[x]-i. digêntèni ênggone tampa ayahan tungguk; (pa-) [x]-an. 1 ayahan tungguk; 2 papan dianggo tungguk.
tunggul: I kw. 1 (ut. têtunggul) kang pinunjul dhewe, pangarêp; 2 bêndera; 3 (lading [x]) kn. lading sing wangune saèm. arit; panunggul kn. 1 intêning suwêng sing têngah dhewe; 2 driji têngah; 3 gulu tmr. larasaning gamêlan. II êngg. kn. tunggak mêncongol.
tunggul-panantang: br. layang panantang pêrang.
tunggon: n. tênggan k. kc. tunggu.
(tungka): di-[x] kn. dadakan ditututi (ditêkani); kê-[x]. kêtêkan (kêtututan) dadakan.
tungkak: kn. peranganing dlamakan sikil sing buri; di-[x]. 1 disandhung tungkake, dijêjak nganggo tungkak; 2 ditungka, ditututi.
tungkas: êngg. k. wêling.

(tungkêb): di-[x](i) kn. 1 êngg. ditutupi (dikêkêbi) ing tenggok lsp; 2 ditukup, dicêkêl sarana dikêpung; di-[x]-ake. dikurêbake tmr. tenggok lsp; kc. ungkêb.
tungkêl: kn. tumpêr gêdhe.
tungku: I êngg. kn. watu têtumpukan dianggo luwêng, dhingkêl. II di-[x] kw. dipêlêng, dièsthi kalawan puja sêmadi.
tungkul: I kn. bngs. jênu ora mawa wisa. II nungkul kn. 1 ora ndangak, ndêkukul; 2 têluk; di-[x]. ditêmpuh sarana dilimpe; di-[x]-i. 1 ditunggoni, disipati dhewe;2 disêksèni; 3 ditindakake kalawan mêmpêng; di-[x]-ake. 1 diêkon tumungkul; 2 ditêlukake; 3 dilimpèkake; kê-[x]. kêlimpe, kêslamur, tansah nindakake apa-apa nganti kurang wêweka.
tungle: kn. ar. dina paringkêlan kang kapisan.
tungtas: kn. kc. tuntas.
tungtum: kn. kc. tuntum.
tungtun: kn. kc. tuntun.
tungtung: kn. pucuk; kc. tuntung.
tup: I pc. tutup. II di-[x](i) pc. diêntup(i); kc. antup.
(tupiksa): di-[x], ditupiksani kw. dipriksa, diwaca.
tur: I kn. 1 lan uga, wuwuh-wuwuh. up. sugih [x] bêcik atine; 2 sênadyan ... mêksa ..., up. [x] wis dakkandhani, mêksa lunga; 3 mangka mung,
--- 616 ---
sanadyan mung, up. Sidin wingi muring-muring, [x] mung sapele jalarane. II kw. awèh, up. [x] uninga, [x] sêmbah; kc. atur. III kw. banjur, nuli; kc. têhêr. IV [x]-e, [x]-ene pc. k. jarene; kc. atur.
tura ~ (tutuh).
tura: (S) kw. asih, kêsêngsêm.
turaga: (S) kw. jaran; kc. turangga.
turah: n. tirah k. ana luwihane, ora kurang; di-[x]-i. diwènèhi turahan; [x]-an. luwihan, sisa.
turangga: (S) kw. jaran.
turanggi: br. jaran.
turas: I ki. uyuh, nguyuh. II kw. turun, trah. III di-[x] êngg. diilèkake (disok) kabèh nganti asat; (pa) [x]-an. 1 wadhah banyu; 2 bngs. cèrèt.
turbonên: pc. bngs. wudun ing lakang.
ture, turene: pc. k. jare, jarene; kc. tur.
turgène, turmane, turmanèn: êngg. tur.
turi: kn. ar. wit.
turida: kw. 1 susah, sêdhih; 2 kasêngsêm, kasmaran.
turna, turnèh: êngg. pc. tur.
turne: I êngg. pc. turene (jarene). II (W) kn. lêlungan pêpriksa.
turnèh: êngg. pc. kc. tur.
turu: n. tilêm k. sare ki. 1 lèrèn sarta ngaso tmr. angganing badan apa-dene panca-driya kang lumrah matane mêrêm; 2 pc. ora tumandang (mikir lsp) apa-apa, ora obah; [x] kadhar. turu ana ing jaba; [x] kasur dikêbuti pr. urip kêpenak bangêt; ditêturu. diisik-isik

lsp. supaya bisa turu; dituroni. 1 dianggo turu (turu ing); 2 diwori turu; diturokake. 1 disèlèhake dipurih turu; 2 disèlèhake ora ngadêg; (tê-)turon. lèyèh-lèyèh (ngaso) kaya yèn turu; kêturon. turu ora disêngaja; paturon. papan (piranti lsp) dianggo turu.
turuh: kn. 1 êngg. trocoh, borot; 2 mutah tmr. warna; 3 banyu sing mancur saka ing dhuwur dianggo nggrujug (ngumbah) kêris lsp; têturuh. disiram ing banyu kang mancur; di-[x](i). digrujug ing banyu mancur; [x]-an. banyu sing dianggo nuruh kêris, êndhas lsp.
turuk: ks. pawadonan.
turuk-bonên: kn. bngs. wudun ing lakang.
turun: I n. têdhak k. 1 udhun, mudhun; 2 mayat, ndronjong; 3 (angin [x]) êngg. angin saka kulon; 4 pc. bali saka munggah kaji; 5 pc. mudhun tmr. rêrêgan; tumurun. mudhun; di-[x]-i. diudhuni; di-[x]-ake. diudhunake. II n. têdhak k. 1 trah, anak putu; 2 asal saka tmr. urut-urutaning kula-warga; 3 (ut. tumurun) lumantar (tumular, gumanti) marang anak putu; di-[x]-ake. 1 dianakake, ditêrahake; 2 dilantarake (digantèkake, ditularake) marang turune. III di-[x] n. dipuntêdhak k. ditiru tmr. tulisan lsp; [x]-an. layang lsp. nurun saka babone; di-[x] sungging. diturun trêp kaya babone. IV êngg. kn. sumbangan, panjurung, urunan; di-[x]-i. disumbang, diuruni.
turung: kw. durung.
turut: I kn. ngambah manut ênêring garis, dalan lsp; 2 runtut, ora ana sing gangsul; 3 êngg. pc. sarwa alon lan sarèh, sarwa urut; 4 manutan, ora bangga; swarane [x] usuk. swarane bêcik sarta bantas; utange [x] wulu. utange akèh bangêt; nurut. 1 nganbah ing ênêring garis lsp; 2 manut, ora suwala; di-[x]-i. dianut, dilêksanani panjaluke (karêpe lsp); di-[x]-ake. diurutake, ditata urut; [x]-an. 1 panutan, apa-apa sing diturut; 2 layang pasinaon maca Arab (ngaji).
turon: n. tilêman k. sarean k. kc. turu.
tus: I di-[x] kn. diêntèkake banyune sarana digantung sarta banyune dipurih tètès; kc. atus. II kn. 1 murni (dêlês) tmr. turun lsp; 2 turun, trah. III wc. satus; ji [x]. siji tandhing satus; [x]-an, [x]-[x]-an pc. pirang-pirang atus. IV ks. têmbung pamisuh.
tusara: (S) kw. bun.
tusih: (W) pc. ngawat-awati, ngulat-ulatake.
tuskara: kw. tawon.
tuslah: (W) kn. wuwuhaning bayaran.
tusuk: [x]-[x] êngg. pc. 1 nyênyogok, nyênyuduk; 2 ngadon-adoni. mbêbungkus, nggêgasah.
tusuk kondhe: êngg. pc. susuk kondhe.
tustha, tusthi: (S) kw. sênêng, marêm.
tut: kw. turut, nurut; di-[x]. diturut, diênut; di-[x]-ake (didhèrèkake ki). 1 dikinthil (diturut) salakune; 2 diiringake; kc. anut, atut.
tutane, tutèn, tutène: êngg. pc. bokmênawa, ayake, patute.
tutas: kn. tuntas.
tut buri: n. tut wingking k. mèlu, nginthil.
tutêr: (W) pc. slomprètaning montor.

(tutu): di-[x] kn. diilangi kulite sarana digêcak ing alu ana ing lêsung tmr. pari; tuton n. gêntangan k. bêras olèh-olèhane nutu; sukêt tuton. ar. sukêt sok thukul ing parèn.
tutug: n. dumugi k. 1 têkan ing; 2 têkan ing pungkasan, wis katog, wis marêm; nutug kn. nganti tumêka ing pungkasan; di-[x]-i n. dipundugèni, dipundumugèkakên k. dituruti (dilêgani) pêpenginane; di-[x]-ake. 1 ditêkakake ing pungkasan, dibanjurake; 2 dirampungake; 3 dikatogake nganti lêga.
(tutuh): I di-[x](i) kn. dipancas pangpange (pucuke) supaya ora kêdhuwurên. II di-[x] kn. diambali manèh ênggone nêmpuh (nglawan, nambani, njamoni, namakake gêgaman lsp). III kêparan [x], di-[x] kn. disrêngêni (dicampahi) [(d...]
--- 617 ---
[...icampahi)] marga kliru panindake (maune ora nggugu); dadi [x]-an (têtahan k). ditutuh ing akèh.
tutuk ~ (todhi).
tutuk: I kn. cangkêm. II kn. micara sarta mungguh ênggone pocapan tmr. dhalang.
tutul: kn. blêntong, cêcêg rada gêdhe; [x] pêtis pc. mbêdhil (manah lsp) cêdhak bangêt; di-[x](ake). didumukake (didulitake, diclupake sathithik.
tutup: kn. 1 apa-apa sing dianggo nglarabi (ngudhungi, nyumpêt, mbuntoni); 2 minêb, buntu, ora mênga; 3 dibuntu, diinêb, dirapêti; 4 sa-[x] êngg. sakolonganing jêmpol apa dene driji panunggul karo pisan kagathukake pucuke; 5 pc. pungkasan (sasi, taun, buku dagang lsp); di-[x](i). 1 diinêb, dirapêti; 2 dialingi, dilarabi; 3 dialingi murih ora katon pialane (wadine); 4 dikunjara; [x]-an. 1 apa-apa sing ditutup (dianggo nutup); 2 ora kêna ditêgori kayune tmr. alas; 3 tingkêman tmr. layang.
tutup dhahar: (saji) kn. krodhong tutuping piring (wadhah panganan).
tutup keyong: kn. peranganing omah kampung kang awangun maju têlu ing iringaning êmpyak.
tutup kêndhang: pc. pasa mung ing wêkasaning sasi pasa.
tutup kuping: (- mulut) pc. pawèwèh minangka bêsêl.
tutup liwêt: kn. ar. caraning ikêt-ikêtan.
tutur: I 1 kw. pangeling-eling, pamikir; 2 kw. crita, piwulang; 3 n. sanjang k. kandha marang, clathu; [x]-[x] n. sanjang-sanjang k. kandha-kandha marang; di-[x]-i. 1 dikandhani; 2 diwarah, diwènèhi pituduh; di-[x]-ake. dikandhakake. II di-[x](i) êngg. 1 dialap, dijupuk; 2 dialap sarta diopèni. III tumutur k. miturut, tut-buri; di-[x]-ake êngg. ditutake, dikatutake.
tutus: kn. irat-iratan pring tipis dianggo tali; di-[x]-i. dirèntèngi (disunduki) nganggo tutus.
tutus kajang: kn. dondoman arang-arang sarta mlangkah-mlangkah.
tutut: I kn. ora jarah (kêsit), manutan tmr. kewan lsp; nutut. ora bangga. II di-[x]-i kn. 1 disusul (dioyak) supaya kêcandhak; 2 disêtut; 3 ditulungi (dioncatake) saka ing bêbaya, kacilakan lsp.

tuton: n. gêntangan k. kc. tutu.
tuwa: n. sêpuh k. 1 wis kliwat umur; 2 wis matêng, wis mangsane ngundhuh tmr. wowohan lsp; 3 wis umob tmr. wedang; 4 sêmu irêng, kêladuk tmr. warna, up. abang [x]; 5 kurang mayat tmr. payon; 6 (ngèlmu [x]) kawruh kasampurnan; [x]-[x] êngg. kang dianggêp wong tuwa; têtuwa. kang dianggêp tuwa (juru awèh rêmbug lsp); dituwani. dikanthèni têtuwa; têtuwanên kn. raine kêbak tutul-tutul irêng (saèm. burik).
tuwa buru: kn. abdi-dalêm gêrma.
tuwajuh: (A) kn. madhêp, mantêp, tumêmên.
tuwagana: kw. 1 utama, wêkêl; 2 pinituwa, têtuwa.
tuwah: êngg. k. tuwuh.
tuwak: I kn. congkog; di-[x]. dicongkogi; kc. cuwak. II êngg. kn. ar. inuman kêras (kang digawe badhèg).
tuwakup: (A) kn. mêmpên sumarah ing Allah.
tuwan: 1 kw. bêndara; 2 kanggo sêbutane wong Eropah, kaji, lsp.
tuwan bêsar: kn. 1 sêbutane ingkang wicaksana Gupêrnur Jendral; 2 panggêdhening pabrik, kabudayan lsp.
tuwan tanah: kn. panggêdhening tanah pêrsil (tanah mêrdikan).
tuwang: kn. kothong, lowong; kc. towang.
tuwanggana: kw. têtuwa, pinituwa.
tuwa-rawa: kn. abdi-dalêm juru misaya iwak.
tuwas: kn. bêbungah minangka wohing kangelan; di-[x]-i. diwènèhi tuwas; kc. pituwas.
tuwawa: êngg. kn. punggawa kang mranata banyu ing padesan; di-[x] kw. dititipi.
tuwe: êngg. k. tilik.
tuwèk: ks. tuwa.
(tuwêk): di-[x] kn. disuduk (ing dhadhane).
tuwêk: -raga br. suduk slira.
tuwi: I k. tilik. II kw. uga, malah, tur.
tuwilun: kw. bodho.
tuwin: kn. lan uga, lan manèh.
tuwu: pc. manuk tuhu.
tuwuh: kn. 1 thukul, mundhak-mundhak gêdhe tmr. têtuwuhan lsp; 2 timbul, mêncungul tmr. gagasan, nalar lsp; 3 turun; kang among (murbèng) [x] br. Gusti Allah; mugut [x] br. nganyut [x] br. nglalu; satêngah [x]. umur 35-40 taun; di-[x]-i. dithukuli, dituruni; di-[x]-ake. 1 dithukulake; 2 dianakake, diturunake; [x]-an. pajangan ing cagaking tarub awujud gêdhang satundhun, têbu lan krambil sajanjang; têtuwuhan. thêthukulan, wit-witan.
tuwuk: k. warêg.
tuwung: kn. bngs. pinggan gêdhe; [x] putra. tuwung alus; [x] dhuwok. tuwung gêdhe.
tobat: (A) kn. 1 ([x] marang Allah) duwe niyat têtêp nêdya sumungkêm marang Allah manèh; 2 kêduwung ing dosane; 3 wis kapok ora nêdya

nglakoni piala manèh; 4 têluk, nungkul; [x] êncit (mêncit) pc. wis kapok bangêt.
tobat-tobat, tobal, tobil, tobit, toblas, toblèg: êngg. pc. sabawa nelakake gumun, kagèt lsp.
tobil: kn. anak kadhal.
toblok: êngg. kn. tomblok.
(toblos): di-[x] êngg. dicoblos.
tobong: kn. 1 bngs. tenggok gêdhe wadhah arêng lsp; 2 pangobongan gamping ut. grabah; 3 êngg. gubug cilik; 4 wadhah krikil ing pinggir dalan; kc. dobong, tombong.
(tijèh): di-[x] kn. disuduk lan dicoblos.
(tojoh): di-[x] pc. dijojoh.
todhak: kn. ar. iwak sêgara.
(todhi): di-[x] kn. didadar, ditètèr kakêndêlan ut. kapintêrane.
--- 618 ---
todhos ~ tongo.
todhos: kn. 1 uncêg; 2 ks. êntèk babar pisan.
tog: kn. ([x]-ing) tumêka ing pungkasaning (êntèk-êntèkane); di-[x]. 1 diêpêng nganti kêkan pungkasaning kakuwatane; 2 ditodhi kaantêpane; di-[x]-i êngg. dijupuk (diêdol) kabèh; di-[x]-ake. diuja, diênêngake bae; kc. katog, êtog.
togari: kw. wêngi.
toge: kn. taoge.
togèn, toggae, togke, togna: êngg. pc. ditogake bae; kc. tog.
togog: kn. 1 saka (cagak) ing pagêr jêro; 2 tugu cilik ing lawanganing pakarangan; [x]-an. cagak miring pojokaning tembok lsp. supaya ora gampang gêmpal. nogog. 1 kaya togog (mênêng bae); 2 nunut mangan ut. nyêrèt.
tograt: pc. watak.
toh: I kn. blêntong abang (irêng) ing kulit (wiwit lair mula); [x] sêpah. toh abang. II kn. apa-apa sing dianggo udhuning main (ngabotohan); di-[x]-i. nganggo kanthi toh; di-[x]-i pati br. dilabuhi tumêka ing pati; di-[x]-ake. diudhokake kanggo toh; kc. totoh. III êngg. 1 ayo; 2 ta.
tohan: êngg. pc. toh II.
tohid: kn. kayakinaning batin; kc. tokid.
tohwalèn: êngg. kn. awèt, tahan.
toya: k. banyu; têtoya k. bêbanyu.
toyadi, toyadhi: (S) kw. sêgara.
toyah: kn. bngs. pênthung gêgaman cina.
toyan: k. nguyuh.
toyanta: (S) kw. mêndhung.
toyang: kn. mliwis sêgara.
tok: I kw. towak, sajêng. II di-[x]-ake pc. diwêtokake. III pc. wah, ah; kc. kok. IV pc. ko-, kok-. V êngg. patèn, lêmarèn; kc. tuk.
tokid: (A) kn. têtêp yakin sarta mantêp; di-[x]-i. diantêpi kalawan kayakinan; di-[x]-ake. ditekadake kalawan yakin.
tok-iyik: kn. bngs. kinjêng cilik.

tokuh: êngg. kn. kênur layangan.
toko: (C) kn. omah dianggo dodolan barang-barang.
(tolak): di-[x] êngg. ditulak.
tolèh: ora [x] pc. ora eling marang; tumolèh, nolèh. mengo mêmburi; di-[x]. 1 diingêtake sarana mengo mêmburi; 2 dièlingi.
tolèk, toli: êngg. 1 êndang, enggal; 2 jêr, rak; 3 ah, wah; kc. tuli.
tolèr: êngg. kn. pipa karèt ing pompa; [x]-[x] pc. katon dawa nlolèr; kc. tlolèr.
tolu: kn. ar. wuku kang kalima.
tolok: êngg. 1 bngs. kranjang cilik digantung dianggo wadhah bumbu lsp; 2 bngs. tenggok ut. kranjang dianggo wadhah iwak lsp; 3 gêlangan ditalèni kaubêdake ing bangkekan dianggo nggawa arit.
tolor: ora [x] ks. ora bisa.
tom: kn. ar. wit godhonge digawe nila.
(tomah): di-[x]-ake. dikulinakake, dimanuhake.
tomara: (S) kw. tumbak, kênthès.
tomat: (W) kn. bngs. ranti rupane abang.
tombe, kêtombe: êngg. kn. sindap.
tomblok: kn. bngs. kranjang dianggo nggawa wêdhi lsp.
tombok: I kn. 1 tambahan, wuwuhan ing nalikane ijolan lsp; 2 êngg. toh, udhu; 3 dhuwit sing kawènèhake marang tlèdhèk ing nalikane tayuban (janggrungan); 4 (ut. [x]-[x]) êngg. wuwuh-wuwuh, luwih-luwih; di-[x]-i. 1 diwènèhi tombok; 2 dibayari (dijogi) dhisik. II êngg. kn. lawang ing gapura.
tombong: kn. bngs. kranjang awangun bundêr dawa kanggo wadhah arêng, gula batu lsp; kc. tobong.
tomis: kn. ar. olah-olahan.
tompo: kn. tenggok cilik dianggo takêran bêras lsp.
tomprang: I ut. [x]-an kn. 1 totohan mirunggan sajabaning toh sing mêsthi; 2 balapan dara; 3 tukaran, pêpadon. II êngg. kn. blabag lsp. ditulisi jênênging pakarangan.
tomtomên: pc. tansah kèmpi-kèmpi ut. wêruh apa-apa sing nggêgilani; kc. tontonên.
ton: I kw. dêlêng; salah [x]. kliru pandêlênge; anon. ndêlêng; kc. katon, tonton, tumon. II (W) kn. 1 ukuran gêdhe (1 m3); 2 ukuran bobot (1000 kg); 3 f 1000.
tonang: kn. ar. iwak sêgara.
tonangan: êngg. pc. tunangan.
(tonjok): di-[x] kn. diwènèhi sêga salawuhane minangka ulêm-ulêm duwe gawe (sarta diarêp-arêp pasumbange); [x]-an. sêga salawuhane kang kawènèhake minangka ulêm-ulêm.
(tonjol): di-[x] kn. disruduk (disodhok) saka ing buri.
tondhe: tanpa [x] kw. tanpa timbang, ora ana sing madhani; di-[x]. ditimbang, ditandhing; têtondhèn. tuladha, tandhingan.
tonil: (W) kn. 1 bngs. wayang wong cara Eropah; 2 gambar-gambar ing tontonan wayang wong kasêbut.

tonto: I kn. conto, tuladha; di-[x]. diconto, ditulad. II kê-[x] kn. kaya-kaya wêruh (nglakoni) apa-apa kang mêntas disipati (dilakoni); kc. tonton.
(tontok): di-[x] êngg. ditonton.
(tonton): di-[x] n. dipuntingali k. dipriksani ki. didêlêng; di-[x]-i kn. ditamatake rupane ing nalikane nakokake (bocah wadon); [x]-an n. têtingalan k. apa-apa sing ditonton (wayang lsp); [x]-ên kn. tansah kèmpi-kèmpi.
(tonyo): di-[x] pc. diantêm, dijotos. II di-[x] êngg. dinyunyuk ing gêni.
(tonyol): di-[x]-(ake) êngg. pc. ditonjol.
tong: I êngg. kn. cucuk (ing ngabotohan). II (W) kn. 1 wadhah sing digawe kayu; 2 takêran bêras (60-85 kati).
tonggari: kw. wêngi.
tongkèng: kn. ar. têtuwuhan rambat.
tongki: kn. bngs. bèbèk (menthok).
tongkol: I kn. ar. iwak kali. II di-[x] pc. (olèh-olèhane ênggone mênang) ditohake kabèh.
tongkok: êngg. kn. wungkuk.
tongo, tongong: kn. bodho.
--- 619 ---
tongton ~ trap.
tongton: kc. tonton.
tongtongan: I kn. ar. mêrcon. II kn. pirang-pirang tong; kc. tong.
top: êngg. kn. kc. tlop.
topan: (A) kn. prahara gêdhe, banjir bandhang.
topèn: kn. nganggo topi.
topèng: kn. 1 pêpêthan rai dianggo tutup rai, kêdhok; 2 wayang wong mirid lakon Panji kabèh padha nganggo kêdhok; 3 ulas-ulasing niyat ala lsp; yèn wis [x] kapuk pc. yèn wis mati; nopèng. 1 mbarang topèng; 2 êngg. pc. ngilo nganggo pangilon loro ngarêp buri; [x]-an. 1 tontonan topèng (bngs. wayang wong); 2 aling-aling ing kuncunging pêndhapa; 3 pc. wlulang tutup mataning jaran.
topèng gas: kn. topèng kanggo nulak gas racun.
topi: kn. bngs. tudhung kaya sing kalumrah dianggo ing bangsa Eropah.
topiyo: êngg. kn. topi.
toplèk: êngg. kn. krêpus.
topling: êngg. kn. bngs. kranjang dianggo mikul kêtela lsp.
topoh: kn. 1 êngg. kopyah; 2 pêpêthan makutha ing wayang; dara [x]. dara ulêse irêng êndhase putih; jaran [x]. jaran ulêse putih êndhase abang.
tor: I kn. ar. dolanan bocah; di-[x]-ake. dikatogake. II di-[x] êngg. kn. ditêgor.
torana: (S) kw. ak. gapura.
(torap): di-[x] êngg. kn. diêlêbi ing banyu.
torèh: êngg. kn. têtak; di-[x]-ake. ditêtakake.

torèt: (A) kn. kitab suci kang kagiyarake dening Nabi Musa, kitab Prajanjian Lawas.
toro: kn. (klambi [x]) klambi kurung dawa.
torog: êngg. kn. tombok, tambahan; di-[x]-i êngg. ditomboki, ditambahi yèn ana kêkurangane.
torong: kn. 1 blèg lsp. awangun conthongan nganggo cucuk dianggo ngiling lênga lsp; 2 êngg. pranjèn; kc. corong.
toros: êngg. kn. wungkusan gula lsp. awangun bumbungan.
tos: I kw. 1 atos; 2 aji, pangaji. II pc. k. kêtos (kêtan). III pc. k. nyata; kc. yêkti. IV [x]-e pc. jarene; kc. warta.
tosan: 1 k. wêsi; 2 êngg. k. balung.
totol: (W) pc. gunggung; di-[x]. digunggung.
totog: I kn. sodhok; di-[x]-([x])-ake. disodhokake, dibêntusake; [x]-an. pantogan, pungkasaning dalan. II êngg. kn. tapêl pusêr bayi; di-[x]-i. ditapêli nganggo totog.
(totoh): di-[x]-i kn. ditohi; [x]-an. rêbut mênang kanthi toh; kc. toh.
totok: pc. 1 Walanda tulèn (dudu pranakan); 2 anyaran, isih durung mangêrti apa-apa.
totol: I êngg. kn. 1 gol, ungkil, antru; 2 cap; 3 [x]-e pc. mêsthine, pancène; kc. tutul. II kn. (layang [x]) sêrêng njaluk wangsulan; notol. mêmpêng bangêt atine; di-[x]. disêrêg, diujêg.
totor: kn. 1 gêni urub-urub dianggo bêdhiyan; 2 gêgêni cêdhak gêni murub; 3 êngg. golèk kayu lsp. dianggo gêgêni; di-[x] êngg. ditêgor.
totos: êngg. kn. jêjênggul, lêlurah.
towang: kn. lowong, ora isi, sêla; ora [x]. ora lowong, tansah lumintu.
towuk: êngg. k. warêg; kc. tuwuk.
towok: kn. bngs. tumbak (sing diuncalake).
towong: kn. lowok, lowong, wela.
trabas: kn. 1 mawa bolongan cilik-cilik; 2 têmbus; 3 boros; di-[x] êngg. 1 ditêmbus; 2 ditlasak, disidhat tmr. dalan; 3 ditêgori digawe dalan lsp. tmr. alas.
trajak: kn. tlajak.
trajang: kn. 1 solah, obah tmr. jaran; 2 pc. caraning panindak; di-[x]. 1 ditêmpuh, disêrang; 2 ditêrak tmr. larangan lsp; 3 diliwati têrus, up. di-[x] ing kali.
trajêg, trajêk: kn. rajêg, tlajak.
traju: kn. timbangan sing nganggo tanganan; di-[x]. ditimbang nganggo traju.
trag: kn. têrag.
tragal: êngg. kn. rontog tmr. wowohan; kê-[x]. kêtrucut, kêsusu.
trah: kw. turun; di-[x]-ake. diturunake.
trahing kusuma: kw. turune wong luhur.
traya: (S) kw. ak. têlu.
trayodasa: (S) kw. ak. têlulas.
triyoli: êngg. ks. bangsat.
trak: I kn. têrak. II pc. ora; [x] usah pc. ora usah.
tram: (W) kn. sêpur cilik.

trambal: pating [x] kn. akèh tambalane; kc. tambal.
(trambul): di-[x] êngg. kn. dikêmbuli, diiloni mangan lsp.
trami: êngg. k. trima (tampa).
trampil: kn. cukat ênggone nandukake gunêm (wangsulan, pangêrti); 2 êngg. prigêl, rigên.
trantan: êngg. kn. tali dianggo tarikan; [x]-an êngg. wiwit bisa mlaku tmr. bocah cilik (dilawèhi ing tali lsp).
(trantang): I nrantang kn. sumrawang (padha bolong cilik-cilik) ngatarani yèn arêp suwèk lsp. II (bèri [x]) êngg. kn. bngs. tembor sing digawe nam-naman kawat lsp.
(trancag): di-[x] kn. diunggahi kalawan rêrikatan.
trancam: kn. ar. olah-olahan.
trancang: ut. [x]-an kn. bngs. tembor sing digawe nam-naman kawat lsp.
trang: pc. têrang.
trangga, tranggana: kw. sênêng, marêm; kc. trênggana, taranggana.
(tranggal): di-[x] kn. dikabruk.
tranggana: kw. lintang.
tranyak: [x]-[x] pc. grusa-grusu murang tata; nranyak. tumindak murang tata-krama, upamane ndumuk êndhas lsp.
(tranyam): di-[x] kn. dicênthulani.
traos: 1 k. trasi; 2 êngg. k. traju.
trap: kn. caraning pangrakit (pranata,
--- 620 ---
pamasang); di-[x](ake). 1 ditata, dirakit; 2 dipasang; 3 diêcakake ing; di-[x]-i paukuman. dipancasi kaukum; kc. patrap, tumrap.
trapas ~ trêcêk-trêcêk.
trapas: êngg. kn. 1 boros; 2 enggal êntèk; kc. trabas.
trapsila: kn. tapsila, nganggo tata-krama.
trap: sirap kn. ditata sarwa bêcik.
trapti: kw. marêm, sênêng, tata.
tras: kn. têras.
trasa: (S) kw. giris, wêdi.
(trasah): di-[x] kn. disrasah, ditlasah.
trasèk: êngg. trasi.
trasi: n. traos k. dhêplokan urang, iwak lsp. dianggo bumbu.
(tratab): nratab kn. sanalika dhêg-dhêgan; [x]-an. dhêg-dhêgan; kc. tab-taban.
trataban: I kn. 1 blabag jrambah; 2 blabag unggah-unggahan ing gêdhongan. II (alas [x]) kn. alas gêgrumbulan.
tratag: kn. payon tambêlan kang digawe kepang lsp.
tratag-rambat: kn. tratag ing sangarêping sitinggil.
(tratas): di-[x] kn. ditatas.
trate: kn. kêmbang padma.
trateyan: kn. lagi wiwit bisa mlaku tmr. bocah cilik.
traca: kn. bngs. keyong cilik.
(tracag): di-[x] kn. dipènèk (diunggahi) rêrikatan; kc. trancag.

tracak: I kn. 1 kukuning sikil jaran, sapi lsp; kc. tranyak.
tracap: udan [x] êngg. udan dêrês kang kawitan ing mangsa rêndhêng.
tracuk: êngg. kn. kayu kang nyongat ing antarane pasangan tmr. grobag lsp.
(trawang): [x]-an kn. 1 sumrawang; 2 kw. padhang, waskitha; kc. tawang.
(trawas): di-[x] êngg. kn. diwènèhi têngêran tmr. alas sing arêp dibubak.
trawèh: kn. padha pujian ing wayah sore ing sajroning sasi pasa.
trawu: kw. ak. surak-surak sêru.
trèg: pc. 1 têlag, têndhag; 2 kluron; kc. têrag.
tregal-trègèl: kn. grusa-grusu.
trekah: pc. reka; di-[x]. 1 direka; 2 dipitênah.
trèm: (W) kn. sêpur cilik.
trèmbèl: pating [x] kn. akèh tèmbèlane; trèmbèlane ks. têmbung pamisuh. kc. tèmbèl.
trèmplèk: pating [x] pc. padha tumèmplèk; kc. tèmplèk.
trèn: êngg. pc. palêmahan pinggir kali sing ditanduri; kc. sêtrèn, trin.
trèncèng: kn. wis têrang mari udan, srêngengene wis ora kalingan mêndhung; [x]-an. wayah têrang.
trèpès: kn. awangun gèpèng (ora mbrênjul).
treplok: pating [x] kn. padha tumemplok; kc. teplok.
très: I kn. plisir bênang mas ing lêngênan lsp. II di-[x]-ake kn. dikon mbanjêli. III di-[x](i) pc. ditêrês.
trèsèh: êngg. kn. sumèh sarta gapyak; kc. srèsèh.
trètèp: êngg. pc. tritip.
(trètès): di-[x] kn. dirêngga ing intên lan sêsotya.
trècèt: êngg. kn. kacu.
trêbang: kn. bngs. kêndhang sing urunge cêndhak sarta wlulange mung sasisih; kc. têrbang.
trêbil: êngg. kn. kêrbil.
trêbis: kw. angèl ambah-ambahane tmr. jurang; kc. têrbis.
trêjang: pc. trajang.
trêjung: kw. jêro sarta njulêg tmr. jurang; kc. têrjung.
trêh: kw. turun; kc. têrêh, trah.
(trêm): ka-[x] kn. wis sênêng (jênak).
trêmbayak: kn. ar. manuk saba ing sêgara.
trêmbayun: pc. pambayun.
trêmbalo: kn. ar. wit kayune sok digawe wrangka; kc. ambalo.
trêmbêl: I [x]-[x] kn. pawakan wêwêg cilik tmr. prawan lsp. II êngg. wis mupakat, wis saeka-praya.
trêmbusu, trêmboso: êngg. kn. bngs. tenggok kang digawe nam-naman blarak.
trêmpos: kn. isi katès.
trêna: (S) kw. sukêt.

trênjêl: kn. 1 paju, pacêl, ganjêl sing disêsêlake; 2 sêsêlan, isèn-isèn; di-[x]. 1 disêsêli pacêl (paju lsp); 2 êngg. diwluku sing kapindho.
(trênjuh): nrênjuhi kn. mrangguli; kê-[x]. kêpapag, kêpranggul.
trêntên: êngg. kn. urut, tata.
trêncêm: pating [x] kn. kêbak tatu cublês-cublês.
trênyang: kn. pêpês.
trênyuh: kn. 1 rêmuk, rêmêk; 2 ([x] atine) kakênan atine, kamiwêlasên; nrênyuhake. njalari trênyuh atine.
trênggulung: êngg. kn. rase.
trênggana: kw. lintang; kc. tranggana, taranggana.
trênggiling: kn. ar. kewan asikil papat samangsa ana bêbaya banjur ngringkêl; nrênggiling api mati pr. api-api ora mangrêti (ora nggatèkake) marang rêmbug nanging sajatine nilingake.
trêngginas: kn. cukat sarta trampil.
trênggulang: êngg. kn. tanggulang.
trêngguli: kn. ar. wit.
trênggulun: kn. ar. wit wohe enak dipangan.
trênggos: kw. kopyah wlulang.
trêp: kn. 1 sèlèh ut. dununging omah lsp; 2 srêg, cocog bangêt, ora kurang ora luwih; sing [x] bumi. sing mbau-rêksa bumi; di-[x]-i. 1 didêgi omah lsp; 2 digawe supaya trêp.
trêpsila: pc. trapsila, tapsila.
trêpta, trêpti: (S) kw. marêm, sênêng.
três: kw. wêdi, giris; kc. trasa.
trêsna: kn. 1 asih, mulunging ati marang liyan (tanpa hawa-nafsu); 2 ([x] marang) sênêng marang; ditrêsnani. disihi. katrêsnan. mulunging ati marang liyan.
trêtêg: êngg. kn. krêtêg.
trêtêp: I êngg. kn. krêtêp. II [x]-an êngg. kn. tritisan.
trêtil: kn. cêtha, têrang pamacane.
trêcêk-trêcêk: êngg. pc. nywara krêcêk-krêcêk.
--- 621 ---
trêcêb ~ tropong.
trêcêb: pating [x] kn. krasa kaya dicublêsi.
(trêcêl): nrêcêl kn. anake sapirang-pirang.
trêcês: pating [x] kn. krasa padha rumasuk ing kulit (adhêm lsp).
trêwelu: pc. truwelu.
tri: (S) kw. têlu.
tribaga: (S) kw. sapratêlon.
tribawana, tribuwana: kw. jagat têtêlu.
trijilan: kw. susuhan (mata).
trigan: êngg. kn. saradan, lageyan ala.
triganca: 1 (S) kw. rikat, bantêr; 2 êngg. sulaya, pasulayan.
trigu: (Prt) kn. gandum.
triguna: (S) kw. wêwatakan têlu (satwa, rajah, tamah).
trig-trigan: pc. ora jênjêm solahe.
trikaya: (S) kw. kêkuwatan têtêlu (badan, gunêm, pamikir).

trikancu: kn. ar. wit sarta kêmbange.
triko: kn. ar. cita (lurik-lurik).
trikona: (S) kw. maju têlu.
triloka, trilokaya, trilokya: (S) kw. jagat têtêlu.
trilocana: (S) kw. amripat têlu (Bathara Siwah).
trim: n. trimah k. 1 tampa kalawan panuwun; 2 wis sumèlèh atine, up. [x] kalah; di-[x]. 1 ditampa kalawan matur nuwun; 2 wis marêm, atine disèlèhake; 3 ditampani, dililani; ditrimani kn. diganjar pinaringan bojo; triman kn. wong wadon kang diparingake.
trima kasih: (M) kn. matur nuwun.
trimurti: (S) kw. têlu-têluning - ngatunggal.
trin: pc. sêpur.
trinjilan: kw. suluhan (mata).
trini: I (S) kw. têlu. II kw. cilik, rèmèh; kc. kêtrinèn.
trinetra: (S) kw. amripat têlu (Bathara Siwah).
trincig-trincig: kn. mènèk munggah rêrikatan; kc. trancag.
trincing: kn. cilik alurus sarta cukat tmr. sikil.
trip: pc. sêtrip.
tripang: kn. ar. kewan sêgara.
tris: kn. ar. peranganing kêndhali.
trisig: kn. srisig.
(trisik): di-[x] pc. ditisik.
trisna: pc. trêsna.
trisula: (S) kw. bngs. tumbak landhêpe têlu.
tritik: I ut. [x]-an kn. ar. corak gêgambaran plênik-plênik ing kêmbên, ikêt lsp. II [x]-an kn. tritisan.
tricig: kn. trancag, trincig.
triwikrama: (S) kw. 1 njangkah ping têlu (jêjuluke Bathara Wisnu); 2 matak aji malih dadi danawa gêdhe.
trubuk: kn. crubuk.
trubus: kn. thukul, tuwuh.
truh: kw. grimis; kc. têruh.
truka: ut. têtruka kn. gawe padesan sarana babad alas; trukan. papan sing dibabad arêp didunungi.
trukah: êngg. kn. truka.
truksi: pc. pranatan, dhawuh.
trulèk: kn. ar. manuk.
trumane: êngg. tur.
trumbul: êngg. kn. bngs. wakul tanpa sikilan.
trumpah: kn. 1 bngs. kêtiplèk sing digawe wlulang ut. upih; 2 êngg. pring ut. blabag ganjêl gêdhèg lsp.
truna, truni: kw. ênom, jaka, prawan; kc. taruna.
trunjang: pating [x] pc. padha nunjang-nunjang.
(trunjêl): di-[x] kn. ditrênjêl, ditronjol.
truntum: 1 kw. trubus, thukul; 2 kn. ar. bathikan.
(truntun): tumruntun kn. urut-urutan tanpa êlêt.
truntunan: ki. ari-ari.

trungku: kn. ak. kunjara; di-[x]. dikunjara.
trunyuk-trunyuk: pc. mlêbu tanpa nganggo tata-krama.
trup: kn. golongan.
trus: pc. têrus.
trusi: êngg. kn. prusi.
trustha: kw. bungah, sênêng, marêm.
trusthi: kw. bolongan.
trutul: I pating [x], [x]-[x] kn. akèh (kêbak) tutul. II kn. ngoyak rêrikatan; di-[x]-i. dioyak (ditututi) rêrikatan.
(trutus): di-[x] kn. digolèki mrana-mrana; [x]-an. lunga mrana-mrana pêrlu nggêgolèki.
trucuk: kn. 1 pathokan jèjèr-jèjèr; nrucuk. 1 katon urut-urutan padha dhuwure; 2 kn. ar. jamur.
trucukan: kn. ar. manuk.
(trucut): kê-[x] kn. kêbacut tmr. têtêmbungan, janji lsp.
truwaca, truwela: kn. têtela têrang,cêtha.
truwèlu: kn. ar. kewan.
truwilun: kw. bodho.
truwu: kw. rusuh, ora têntrêm, gorèh; ke-[x] kn. kuwur dening dikisruhi.
trobos: êngg. pc. trabas.
trojogan: êngg. kn. wanguning omah (limasan).
(trog): di-[x]-[x] pc. diêntrog-êntrog.
troi: kn. tmr. main dhadhu kang mata têlu karo têlu, papat lsp. dianggêp mênang; nggitik [x] pr. olèh kabêgjan.
trokah, trokan: êngg. kn. trukan.
(trombol): di-[x](i) kn. ditrambul, diêbyungi.
tromêl, tromol: (W) kn. 1 pêthèn blèg; 2 pêthi sing digawe blèg lsp.
(tronjol): di-[x] kn. 1 ditrambul, ditrunjêl; 2 diwluku kang kapindho.
trondhol: kn. tanpa wulu (mèh ilang kabèh) tmr. pitik.
trontong: I [x]-[x] kn. wis wiwit padhang ngarêpake mlêthèk (ndhadhari). II kn. wadhah kang digawe blèg awangun gilig.
tronyok: I [x]-[x] êngg. pc. trunyuk-trunyuk. II di-[x] pc. dironyok ing barleyan lsp. III êngg. kn. ulêg-ulêg.
tropong: I kn. bngs. makutha; kc. topong.
--- 622 ---
II kn. pring lsp. kang digawe nyugokke lawe ing panênunan. III kn. kèkêr.
tropos ~ cai.
tropos: êngg. kn. kropos.
(trocob): di-[x]-i kn. dicampuri, disubal.
trocoh: kn. 1 borot tmr. payon; 2 sênêng mêmisuh; kê-[x]-an. kêrajagan banyu saka ing payon sing trocoh.
(trowong): di-[x] kn. ditêmbus (dibolong) tmr. gunung lsp; [x]-an. têmbusan (bolongan) ing gunung lsp.
(twah): a-[x] kw. atob.
twak: kw. tuwak.

twan: kn. tuwan.
(twang): a-[x], ma-[x] kw. ngaji-aji, ngurmati.
twas: I kw. ati; kc. tyas. II a-[x] kw. atos.
twin: br. tuwin.
tyaga: (S) kw. tega, ninggal barang kadonyan (ulah tapa).
tyagi: (S) kw. wong ulah tapa.
tyang: br. tiyang.
tyas: kw. ati.
tyup: kw. tiyup.
Tyonghwa: kn. Cina.
Tyongkok: kn. nêgara Cina.
1. dumunung.
2. sèng.
3. Huruf Jawa: S murda.
4. pakêbonan.
5. 4.
6. nanjak-nanjak.
7. nunjêm.
8. mracihnani.
9. ditêkuk.
10. pating.

C

ca: I pc. wc. kanca. II kokehan [x] pc. ks. kakehan cangkêm.
cabak: I kn. ar. manuk saba bêngi. II di-[x] êngg. kn: ditêbak, ditêpak. III êngg. kn: sabak (lèi).
cabang: (W) kn. 1 êngg. cawang, pang; 2 pakumpulan (toko lsp) sing dadi panging pakumpulan (toko lsp) gêdhe.
cabar: kn. 1 ora ngêtokake kadayan tmr. aji lsp; 2 ora dadi, wurung.
cabe: kn. 1 ar. wit sarta woh, wohe sok dianggo adon-adon jamu; 2 (ula [x]) ar. ula cilik ora mandi; [x] rawit: cabe cilik; nyabe: pating pruntus kaya kuliting cabe (tmr. kulit kang kadhêmên).
cabean: kn. ar. manuk cilik sok mangani ulêr.
cabya: kw. cabe.
(cablèk): [x]-[x] kn. 1 nêpak-nêpakake tangan ing; 2 nindakake pagawean sing gampang-gampangan; nyablèk: 1 namakake tangan traping èpèk-èpèk miring anggone namakake lirih, up. nyablèk lêmud; 2 êngg. pc. njaluk ujuran marang wong sing mêntas mênang ut. olèh bathèn; [x]-an êngg. pc: ujuran.
cabuk: kn. wijèn sing wis dipipit (dijupuk lêngane); di-[x] êngg: disêpèlèkake.
cabul: I êngg. pc. ungsum tmr. lêlara. II êngg. pc: sênêng gunêman crêmêdan.
(cabud): di-[x] kn. 1 dijabud, dibêdhol; dicêlêd, dijaluk bali.
(cabut): êngg. kc. cabud.
cadipa: êngg. kn. obor, oncor.
(cadhang): nyênyadhang kn. 1 (ut. nyadhangi) nadhahi nganggo tangan loro diêgarake; 2 ngadhang, ngarêp-arêp; 3 sumadhiya ut.

tata-tata arêp nampani (pangarêp-arêp); 4 (ut. nyadhangake) nyadhiyakake; nyadhangi: 1 ngadhangi, ngalang-alangi; 2 ngêndhêg-êndhêgi, nadhahi; kc. candhang, cumadhang.
cadhuk: êngg. kn. cidhuk; di-[x] pc: dijupuk (diêpèk bojo).
cadhok: kn. ora awas pandêlênge (lamur).
cadhong: I kn. mbalik mêngarêp tmr. wulu swiwi pitik ut. sungu. II kn: 1 tadhah; 2 apa-apa sing dadi pêpancèning pangan; nyadhong: nampani (nyuwun) cadhong, bayar, dhawuh lsp; nyadhongi: mènèhi cadhong; kc. cumadhong.
(cae): [x]-[x] êngg. pc. têtela, cêtha bangêt.
(caèk): [x]-[x] êngg. pc. bêngok-bêngok ngaruh-aruhi.
caèng: sa-[x] êngg. pari 200 bêntèl (± 20 dhacin).
caèr: (W) êngg. pc. cuwèr.
cag: mak [x] pc. dumadakan nyêkêl; kc. cag-cêg, cêg.
cagak: kn. pring lsp. ditrap ngadêg dianggo nyangga; [x] êlèk pc. apa-apa sing dianggo sarana murih bêtah mêlèk, up. main lsp; [x] urip pc: sarananing ngaurip (pangan); [x] palang: cagak ing dhuwur mawa palangan; pajêg (wênang) [x] pat: pajêg (wêwênang) tumrap bale pakarangan; nyagak: 1 nyangga, nyuwak; 2 pc. mitulungi sarana mènèhi pangan ut. dhuwit; 3 kaya cagak, up. nyagak talang (kaya cagak ing talang, yaiku jagongan linggih ing ngisor talang papane wong sing kinurmatan); nyagak alu pr: wong sing diandêl nanging ora mitayani; nyagaki: 1 nyangga; 2 ngêtrapi cagak; 3 mitulungi; kê-[x]: sarwa kacukupan sakabutuhane.
cagêr: êngg. kn. 1 (ut. [x]-an) cagak (pathokan) sing ditancêbake ing lêmah; 2 wis gênah, wis mêsthi; di-[x]-ake êngg: dijagakake, dipêsthèkake; kc. cègêr.
(cagluk): di-[x] pc. dijupuk.
cag-cagan: pc. tumandang ing gawe apa-apa dicêkêl.
cag-cêg: pc. nyênyêkêl apa-apa kalawan rikat.
cah: I êngg. pc. bocah. II êngg: têmbung sabawa mratelakake gumun, kagèt, ngelikake lsp.
(cahak): I nyahak kn. 1 nêrak, nglojok ing wêwêngkoning tangga; 2 nêrak sarta ndhaku wêwênanging liyan. II êngg. kn: rapak (godhong têbu garing).
cahya: (S) kn. 1 br. warnaning sorot; 2 br. kamulyan; 3 êngg. nêca, guwayaning polatan.
cai: kn. kucai.
--- 623 ---
caing ~ calon.
caing: êngg. kn. caèng.
caya: I êngg. kn. nêca, guwayaning polatan; kc. cahya. II kn: 1 mêsthi; 2 êngg. tanggungan, cêkêlaning piutang.
caya-murcaya: dadya [x] kw. minangka dadi tandhaning panuwun.
cak: kn. 1 (ut. [x] -tangan) caraning panggarap, garapan; 2 êngg. têtilasing garapan (pagawean); di-[x]-i: dilakoni, ditandangi; di-[x]-ake: ditindakake, ditumrapake marang; kc. acak, cak-cakan, cacak.

(cakah): di-[x]-i êngg. dicêngkah.
(cakal): I di-[x] êngg. disrekal. II [x]-bakal kn: 1 miwiti gawe padesan ut. nêgara; 2 wong sing miwiti gawe padesan ut. nagara.
cakar: kn. 1 sikil dalah sakukune tmr. pitik, macan lsp; 2 ks. tangan; cêcakar: 1 thakur-thakur nganggo cakar, cêcèkèr; 2 golèk pangan; nyakar: nggruwak nganggo cakar; nyakari: 1 nyakar mawali-wali; 2 êngg. nggaru lan ngrêsiki sukêt-sukêt lsp; [x]-an: 1 tatu tilase dicakar; 2 êngg. sawah ing sajroning pakarangan.
cakarwa: I kw. mliwis. II êngg. kn: (cakar mawa) ar. piranti pandhe kaya supit kanggo nyukiti mawa.
cakêp: kn. 1 bisa têmu gêlang pangrangkule; 2 bisa nyakup, mangrêti; 3 bisa nindakake kalawan bêcik; di-[x]-i: dirangkul nganti drijine têpung; [x]-an: 1 pangrangkul; 2 apalan; 3 gathekan, ngrêtèn, pintêr.
cakêt: kn. cêdhak bangêt; kê-[x]: kêcêdhak (kinasih).
cakil: kn. sindik pring kanggo ngêtrap kepang ing gêdhèg; [x]-ên: ora bisa turu-turu.
cakma: kn. ar. têtuwuhan.
cakul: kn. ar. iwak loh.
(cakup): nyakup kn. 1 ngraup, ngrakup; 2 ngêmot, bisa mumpuni ing kawruh lsp; 3 ngêbèki darbèking liyan.
cakur: kn. wadhah obat; [x]-[x]: kêruk-kêruk nganggo sikil tmr. jaran; di-[x]-i: dikêruki nganggo sikil.
cakut: kn. 1 cukat ênggone tumandang, sêngkut ing gawe; 2 êngg. wiwit tumandang.
cakodhong, nyakodhong: kn. diêgarake mlêngkung tmr. tangan.
(cakot): nyakot kn. 1 namakake untu têrus digêgêt; 2 ngèmbèt-èmbèt wong liya (tmr. wong sing didakwa); 3 wis manuh, kêpatuh duwe pakarêman; [x]-an: 1 gêntèn-gêntèn nyakot; 2 wis kêncêng panyambunge tmr. sambungan balok lsp.
cakra: (S) kw. 1 bundêran, rodha, gêgaman awujud rodha pating cringih; 2 êngg. kn. têtêngêr, titikaning barang darbe; nyakra: 1 kw. namakake cakra; 2 kw. mubêng; 3 êngg. kn. nitik, nêngêri, nitèni; nyakra manggilingan kw: 1 tansah mubêng kaya jantra; 2 lair timbal-tumimbal mawali-wali.
(cakra-bawa): di-[x] kw. 1 dicipta, diangên-angên; 2 dikira, didakwa, dinyana.
cakrabyuha: (S) kw. ar. gêlaring baris.
cakrak: kn. katon bagus mbranjak.
cakrangga: (S) kw. bèbèk, mliwis.
cakranggama: (S) kw. mliwis.
cakranggi: (S) kw. bèbèk, mliwis.
cakranggini: kw. mliwis.
cakrawaka: (S) kw. mliwis.
cakrawala: kw. langit, tancêbing langit.
cakrawarti: (S) kw. kang ngubêngake jagat (ngêrèh jagat) yaiku ratu; nyakrawati: ngêrèh jagad, ngratoni.
cakrik: kn. pc. rupa, wanguning praèn.

cakruk: kn. 1 omah pajagan ing pinggir dalan; 2 (ut. cakrus) êngg. pc. wong jaga.
caksana: kw. awas, waspada; kc. wicaksana.
caksu, caksuh: (S) kw. mata.
caksusrawa: (S) kw. ula.
cakcakan: kn. carane nindakake (ngêcakake); kc. cak.
cak-cèk: pc. ora ajêg, ora têtêp ênggone nyambut gawe; kc. cèk.
cal: (W) kn. bngs. rimong kanggo ubêd-ubêd gulu.
cala: I (ut. cêcala) kn. 1 wong sing dikongkon awèh wêruh bab duwe-gawe lsp; 2 bêbuka pêpucuking rêmbug; kc. colok. II kw: gunung; kc. ancala. III kw: cacad; kc. cêla. IV (S) kw: obah, owah, malih; an-[x], ma-[x], man-[x]: obah owah, malih; man-[x] putra, man-[x] putri kw: malih lanang, malih wadon (bisa molah-malih); man-[x] warna kw: malih rupa.
cala-beka: kw. malih dadi ala (prakara sing ana rêribêde).
cala-ina: kn. cacad matane (picak).
calak: I kn. ndhisiki (nglancangi) gunêm; [x]-an êngg: gathèkan. II êngg. kn: bong (tukang nêtaki).
calang, cêcalang: kn: cêcawis ing sadurunge; di-[x]-i: dicawisi ing sadurunge klakon; pa-[x]: prajurit kang lumaku dhisik prêlu nêlik mungsuh.
cala-pita: kw. 1 sêndarèn, ar. têtabuhan; 2 walang angkup.
cala-culu: kn. clula-clulu.
calathu: n. wicantên k. ngandika ki. nglahirake gunêm, mojar.
(cala-wadi): nyala-wadi n. nyala-wados k. tumindak samar ora barès.
cala-wênthah: kw. murang tata-krama, ugal-ugalan.
calêk: êngg. k. 1 cêdhak; 2 cêndhak.
calik: I êngg. pc. têka jug banjur enggal bali. II di-[x](ake): dilingkap (disilakake) munggah tmr. jarit lsp.
calita: (S) kw. obah, orêg, oyag, gonjing.
caluk: I êngg. kn. kudhi. II (ut. cêmpaluk) kn: asêm ênom.
calung: kn. 1 sikiling jaran lsp. sangisoring dhêngkul; 2 êngg. ar. têtabuhan bngs. angklung; 3 ks. sikil; kc. cangklung.
calo: kn. bngs. impun.
calon: (ut. [x]-an) kn. 1 bakal, kang babal dadi ut. kanggo; 2 êngg. pangantèn wadon; di-[x]-i: dibakali, dimagangi, bakal didadèkake.
--- 624 ---
cam ~ canthang.
(cam): di-[x] êngg. kn. dikira-kira (dipetung) dhisik; kc. cam-cam.
camah: kn. ora kajèn, rèmèh; di-[x] (ake): 1 disorake, disêpèlèkake, ora diajèni; 2 digawe sêmbarangan bae.
camana: (S) kw. rêrêsik kêmu lan raup.
camara: kc. cêmara.
camari: kw. ak. asu.
cambah: kc. kêcambah.
cambang: godhèg [x] kn. godhèg kêtêl nganti ngêbaki pipi.
cambên: êngg. k. candu.

cambêng: êngg. k. calang.
cambil: êngg. krambil.
cambuk: êngg. kn. sambuk.
cambur: êngg. kn. cambor, campur.
(cambor): di-[x] kn. dicampur, dicarub; di-[x]-i: dicampuri; [x]-an: 1 campuran, kang wis dicampur; 2 têmbung loro utawa luwih didadèkake siji nganti atêgês sawiji, up. naga+sari; 3 cacah wutuh karo pêcahan, up. 2½.
came: êngg. pc. sêmune kaya arêp ...
(camèh): nyamèh êngg. pc. nggamblèh tmr. lambe.
(camik): [x]-an kn. panganan kanggo pacitan; kc. nyamikan.
camu: sa-[x] kn. ak. 10.000 yuta.
(camuk): [x]-[x], nyamuk-nyamuk kn: obahing cangkêm kaya yèn mamah.
campah: I êngg. kn. cêmplang, kêmba. II ut. cêcampah kn: pêpoyok, panacad; di-[x](i): dicacad, dipoyoki, diwada. III êngg. kn. wrata kurang mayat tmr. payon.
campaka: kn. bngs. kêmbang kanthil gêdhe.
camplêng: êngg. kn. sanalika putung (tugêl).
camplong: êngg. kn. andha kayu dikowèki.
campuh: kn. 1 têmpuk akumpul; 2 pêrang rukêt sarta wis carubwor.
campur: I kn. 1 carub dadi siji; 2 awor, amor têtunggalan; di-[x]-i: 1 diwori, dicarubi; 2 dirêgêdi; [x]-an: 1 caruban, mormoran; 2 têtunggalan. II kw: rêgêd, cêmêr.
campur-bawur: kn. campuraning kêkêmbangan ut. wêwangi.
camra: kw. asu.
cam-came: êngg. pc. sêmune.
camcao: êngg. kn. ar. godhong kêna dianggo ampas ombèn-ombèn.
canang: (suruh) [x] kn. suruh kuning sing enak dikinang.
canda: kw. têmbang, kidung.
candaka: kw. kongkonan, têlik; kc. cundaka.
candana: kw. cêndhana.
candu: kn. 1 kênthêlaning têmbako lsp. sing plikêt; 2 apyun; nyandu: mêtu candune.
candra: I (S) kw. 1 rêmbulan; 2 sasi. II kw: crita kaananing maujud sarana pêpindhan; di-[x]: dicaritakake sarana pêpindhan.
candrama: (S) kw. 1 rêmbulan; 2 sasi.
candramawa: i kw. kucing; 2 kn. ulêsing kucing irêng sikil lan êndhase putih.
candra-mêngêng: kn. ar. têmbang gêdhe.
candrasa: (S) kw. pêdhang.
candra-sangkala: kn. têtêngêr angkaning taun winadi ing têtêmbungan sing mawa watak angka; [x] mêmêt: candra-sangkala sing winujudan ing gambar.
candha: (S) kw. muring, nêpsu.
candra-birawa: (S) kw. 1 muring mêmêdèni; 2 ar. aji sing bisa ngêtokake setan akèh bangêt.

candhak: kn. ([x]-e) têruse, banjure; nyandhak: 1 nyêkêl; 2 bisa nututi, ora kèri (kasèp); 3 ngêbèki, ngêkaki,[1] ndhaku; 4 bisa nggayuh, bisa mangêrti; di-[x]-ake: dibanjurake; [x]-an: gathèkan, gampang mangêrtine; ke-[x]: kêcêkêl, kêtututan; sakê-[x]-e: sacêkêl-cêkêle, saolèhe.
candhak-kulak: kn. dêdagangan.
candhak-cêkêl: kn. ngêpèk barang darbèking liyan minangka panyauring utange.
candhala: (S) kw. (wong) nistha, ala kalakuane.
candhalagati: (S) kw. kalakuan ala.
candhana: kn. ar. wit sing klikane wangi.
candhang: kn. kc. cadhang.
candhèn: kn. awangun kaya candhi.
(candhêt): di-[x] kn. 1 ditarik, dicènèng; 2 dipêkak tmr. kêndhali; 3 digondhèli (tmr. dhayoh sing arêp lunga); 4 diampah, disirêp tmr. hawa-nêpsu lsp.
candhi: kn. 1 watu rêrêngganing pakuburan; 2 omah-omahan watu tinata èdi kanggo papan pasêmbahyangan lsp; di-[x]: 1 dikubur; 2 dipêpêtri, dipundhi-pundhi.
candhik: sa-[x] kn. saunting tmr. suruh; di-[x]-i: diuntingi tmr. suruh.
candhik-ala, candhik-kala: kn. wayah sore nalikane layung wis katon.
candhuk: I kn. têmpuk, kêpêthuk; durung [x] lawung: durung tau gathuk (têpung). II di-[x] êngg. kn. dicanthuk (diêtokake gêtihe sarana diêkop).
candhung: êngg. kn. bngs. arit.
canela: (Prt) kn. bngs. kasut, sêlop bludru.
canès: êngg. k. seje; kc. sanès.
(canik): [x]-[x], nyanik pc. wêwangunaning praèn cilik kuru.
canuk-canuk: pc. mlaku alon sarta muk-mukan kaya wong wuta.
(cantên): [x]-an k. caturan.
cantrik: kn. abdining pandhita ngiras dadi murid; nyantrik: ngabdi marang pandhita.
cancala: I (S) kw. 1 obah, oyag, gonjing; 2 kilat, thathit. II êngg. kn: rêkasa, karibêdan, kangelan.
cancalan: êngg. pc. sangsalan, apa-apa sing kanggo alan-alan (patèn).
cancalita: (S) kw. obah, kumêlap.
(cancang): di-[x] kn. 1 ditalèni kaentukake pathokan lsp. up. kêbone di-[x]; 2 êngg. wis dibayari dhisik (diwènèhi manjêr) tmr. dol-tinuku lsp; 3 pc. wis ora bisa jawab manèh tmr. pêpadon lsp.
cancing: ut. [x]-an kn. 1 bisa cukat ora karibêdan apa-apa tmr. tandang-tanduk; 2 ora ribêd tmr. panganggo lsp.
cancut: kn. 1 nyalikake[2] jarit dibêsuwêlake ing sabuk lsp. murih cancingan; 2 cancingan, cukat, wis sumadhiya.
canthaka: kw. ak. umuk, kumawani; kc. cumanthaka.
canthang: kn. ar. sêmut gêdhe warnane
--- 625 ---

irêng; di-[x]: dislomod ing arênging dimik rèk lsp. (kanggo sêmbranan ut. murih tangi); [x]-ên: lara ing kulit katon mruntus.
canthang-balung ~ (cangkrim).
canthang-balung: kn. abdi-dalêm kalonthangan lurahing tlèdhèk.
canthas: pc. katon brêgas sarta gagah.
canthèl: I kn. bngs. jali. II kn: 1 apa-apa sing mbêngkêluk nyanthuk; 2 ([x] rêmbug) wis rêrêmbugan dhisik; di-[x]-ake: dicangkolake (digantungake) ing canthelan; [x]-an: 1 apa-apa sing nyanthuk piranti dianggo nggantungake klambi lsp; 2 apa-apa sing kanggo nyangkol ut. nyangkolake; wis olèh [x]-an ut. wis cumanthèl: wis olèh pangkat ut. wis omah-omah. III ut. [x]-an êngg. kn: dhukuh.
canthèng: êngg. kn. gathèng.
canthêngên: kn. kaku sarta kiyu sanalika tmr. driji.
canthik: I kn. 1 cucuking prau sing ngarêp lan buri; 2 bngs. lading ing pucuke nyanthuk; nyanthik: 1 ngiris nganggo canthik; 2 wangun mbêngkêluk kaya canthik, nyongat kaya canthik. II di-[x] êngg: dieling-eling, diapalake; [x]-an êngg: gathekan, candhakan.
canthilan: êngg. kn: dhukuh.
canthing: kn. 1 bngs. siwur ut. cidhuk cilik; 2 cidhuk cilik mawa cucuk sing digawe têmbaga (piranti kanggo mbathik); [x]-cap: piranti dianggo mbathik (ngêcap) jarit.
canthing-jali: pc. wong bodho.
canthuk: kn. 1 apa-apa sing pucuke mbêngkuk; 2 êngg. ulêg-ulêg, munthu; 2 piranti kanggo ngêtokake gêtih; nyanthuk: mbêngkuk ing pucuk; di-[x]: diêtokake gêtihe sarana canthuk.
canthuka, canthoka: kw. kodhok; sasra [x] warsa kw: (kodhok sèwu kodanan) swara sing rame bangêt..
canthula: kn. cênthula.
(canthur): nyanthur kn. nyanthuk.
(canthol): di-[x]-i kn. dicanthèli, dicangkoli.
cangak: kn. ar. manuk bngs. blêkok.
cangap: i pc. cangkêm, bolongan sing amba; 2 êngg. pc. ilèn-ilèn sing anjog ing pasawahan lsp; kc. clangap.
(cangar): di-[x] kn. cangkême diêngakake kanthi pêksa pêrlu arêp diombèni jamu.
canggah: I kn. cawangan kayu ut. wêsi digarani kanggo nyêkêl durjana. II kn: 1 wong tuwane êmbah buyut; 2 anaking buyut.
canggal: êngg. kn. kayu (wit) sing wis mati.
canggèh: kn. 1 sênêng cawe-cawe (maeka, nangani, cêngkiling); 2 pc. sênêng njêjupuk.
cangik-cangik: kn. kuru sarta dhuwur tmr. pawakaning wong wadon.
(cangkag): cumangkag kw. mlumpat, lincak-lincak.
cangkah: I êngg. kn. 1 mawa cawangan tmr. pang lsp; 2 sanggan, jagrag, sikilan; kc. cèkèh, cèngkèh. II cumangkah kw: kumêndêl, kumawani.
cangkang: êngg. kn. cangkoking kêmiri, (êndhog lsp), kulit kêrang lsp.
cangkèl: êngg. kn. wangkod, ora manutan.

cangkêm: kn. tutuk ki. 1 perangan angganing manungsa ut. kewan sing dianggo mêmangan lan gunêman; 2 ks. gunêm, kandha; kakehan [x]: kakehan gunêm, tansah gumrêmêng; [x] gatêl pc: sênêng ngrasani ut. mêmisuh; nyangkêm kodhok: kaya cangkêm kodhok yaiku suwèk maju têlu; di-[x]-i ks. diujar-ujari.
cangkêrêm: kn. cêngkêrêm.
cangkêt: êngg. kn. ayu, ngrêsêpake.
(cangking): di-[x] kn. 1 digawa sarta disambi lembeyan (tmr. barang sing cilik-cilik); 2 dièmbèt-èmbèt, disrèmpèt ing gunêm; 3 mung diucapake saperangan tmr. têtêmbungan (kaya kang kalumrah ing wangsalan); [x]-an: 1 barang-barang sing dicangking; 2 pawèwèh sing minangka olèh-olèh.
cangkir: kn. wadhah wedang lsp. sing arêp diombe.
(cangklak): nyangklak kn. 1 krasa lara ing kèlèke (marga kêdhuwurên ênggone ngranggèh lsp); 2 pc. ora runtut, angèl rèh-rèhane; [x]-an: lêkokaning lêngên cêdhak karo kèlèk.
cangklèk: kn. ar. gêndhing; nyangklèk: nggawa bocah lsp. kalinggihake ing bangkèkan banjur karangkul; [x]-an: bngs. kolongan kayu kaêtrap ing bangkèkan kanggo nyêngkêlit arit lsp.
cangklèt: êngg. kn. nèmplèk ing, cêdhak nyangklêk.
cangklètan: êngg. kn. canthèlan, cangkolan.
(cangklêk): nyangklêk kn. cêdhak bangêt.
(cangklêng): nyangklêng êngg. pc. nganthêng, ngêntèni nganti suwe.
(cangkluk): nyangkluk kn. pacak gulu sarana manthuk kapathêt.
cangklung: (ut. nyangklung) kn. tangane diulur maju (kaya yèn arêp ngranggèh).
cangklong: I êngg. kn. bngs. pipa bumbung dianggo torong. II kn: kanthong dawa wadhahe kiwa têngên yèn nggawa disampirake ing pundhak; di-[x]: digawa sarana kasampirake ing pundhak.
cangkul, cangkol: êngg. kn. pacul.
(cangkol): di-[x]-ake kn. dicanthèlake, dicantholake; [x]-an: canthelan.
cangkok: kn. 1 kuliting kêmiri, êndhog lsp; 2 omah-omahaning keyong lsp; 3 piringan ing traju lsp; 4 pêthèn cilik wadhah mas-intên; 5 êngg. palêmahane dhewe (dudu ngindhung); 6 êngg. wong sing duwe palêmahan (dudu ngindhung); 7 kang pokok, kang baku, lajêr; di-[x]: 1 digêrêt sarta diklokopi klikane banjur diblêbêd ing sêpêt didèkèki lêmah, yèn wis ngoyod tumuli dikêthok lan ditandur; 2 ditandur tmr. thikilan ut. pêthetan; 3 dicengkok, ditulad; [x]-an: 1 wit sing dicangkok; 2 trubusaning wit sing wis tuwa; kc. cengkok.
cangkrama: (S) kw. mlaku-mlaku ngenggar-enggar ati; nyangkramani: andon kasukan karo wong wadon.
cangkrang: kn. lêlara cacar; [x]-ên: nandhang lara cangkrang.
(cangkrim): [x]-an kn. bêdhekan, batangan.
--- 626 ---
cangkring ~ caruk.
cangkring: kn. ar. wit bngs. dhadhap mawa êri.
canglung: kn. cangklung: dawa [x]-e ks. sikil lan tangane dawa.

canguk: kn. 1 wong sing pinatah ngawasake têkaning mungsuh lsp. saka ing kadohan; 2 êngg. pangarêping pangon.
cangungong: kn. unining mêrak.
cangcalan: êngg. pc. sangsalan; kc. cancalan.
(cangcang): di-[x] êngg. dicancang.
cangcing: êngg. kn. cancing.
cangcut: êngg. kn. cancut.
cao: (C) kn. ar. ombèn-ombèn (tètès dicampur banyu nganggo ampas).
caos: êngg. pc. 1 k. tungguk; 2 êngg. kn. sowan marang dhêdhuwurane; 3 ki. cawis; di-[x]-i ki: 1 dicawisi; 2 diwènèhi; kc. saos.
caoto: kn. saoto.
cap: kn. 1 piranti kanggo gawe tulisan ut. gambaran, sêtèmpêl; 2 tulisan (gambaran) sing disêtèmpêl; 3 tandha, têngêr ing barang-barang (saka pabrik lsp); 4 bathikan sing ora dibathik sarana tangan; di-[x]: 1 disêtèmpêl; 2 ditêngêri sarana cap; 3 dibathik sarana cap; 4 didrik (ora ditulis).
capa: (S) kw. gêndhewa.
capaga: kn. ar. wit.
capah: êngg. kn. sikil, tungkak.
capala: (S) kw. 1 rongèh, sigrak; 2 nêpsu; di-[x]: disrêngêni.
capang: kn. dawa nyênthang tmr. brêngos.
capar: êngg. kn. 1 ngoyod; 2 bngs. thikilan, thokolan.
caparu: kw. ak. wadhah kinang.
cap-bapêm: [x]-leyo, [x]-singa êngg. kn. layang idin kêna mbukak palêmahan.
cap-dumuk: kn. tandha tangan awujud tapaking jêmpol (marga ora bisa nulis).
cap-ji-ki: (C) kn. ar. mainan.
cape: I kn. lêsu sarta lêmês tanpa daya. II êngg. pc: jare (ucape). III di-[x] êngg: dibadhe; [x]-an: cangkriman.
capêng: kn. mingkis lêngên ngarêpake pêrang (kêrêngan) tmr. wayang.
capêt-capêt: kn. mung rada kèlingan (marga wis lawas bangêt).
cap-gawe: êngg. ar. pangkat ing punggawa desa.
cap-go-mèh: (C) kn. riyaya tanggal 15 bakda taun baru Cina.
capil: êngg. kn. caping.
caping: kn. 1 tudhung sing digawe nam-naman pring; 2 êngg. tudhung sing digawe lakên ut. bludru.
(capit): di-[x] pc. disapit, dijapit.
caplak: kn. bngs. tuma asu.
caplang: kn. capang.
caplêk: êngg. padha plêk.
capluk: mak [x] kn. katêranganing mangan.
(caplok): di-[x] kn. 1 disaut têrus dipangan; 2 ks. dipangan.
capuri: kn. cêpuri.
caprang: êngg. kn. kêtêl sarta dawa nyênthang tmr. brêngos.
capcapan: kn. 1 sing wis dicap; 2 wis dibathik ing cap; kc. cap.

cara: I kn. 1 laku, pratikêl, up. [x]-ne wong golèk pangan: 2 padatan sing kalumrah, up. desa mawa [x]; 3 miturut padatan (kalumrahan), up. mênganggo [x] Sala; 4 basa, up. bisa gunêman [x] Wlanda; 5 (ut. [x]-ne) êngg. pc. mungguh, mungguha; di-[x]: dianggêp kaya, ditindakake kaya. II (S) kw. ak: têlik, utusan.
cara-balèn: kn. ar. gamêlan.
carak: kn. sungu dianggo wadhah banyu kanggo ngumbah cangkêm jaran; di-[x]: dikumbah nganggo banyu ing carak tmr. cangkêm jaran.
caraka: (S) kw. kongkonan, utusan.
carakan: I kn. calon. II kn: urut-urutane aksara Jawa, kapirit saka: [...] [3]
carana: I (S) kw. laku, sikil; cs. 2. II (S) kw: rêrênggan; cinarana: rinêngga-rêngga.
carang: I kn. 1 pang pring; 2 mawa pang cilik-cilik akèh tmr. suruh pakis lsp; [x]-an: 1 suruh sing tuwuh ing pang (dudu golor); 2 crita sêmpalan saka crita sing baku (crita karangan). II [x] burung êngg: sarang burung.
carang-buntala: kn. gombyok ing lapak ut. ing uncal.
carang-gantung: kn. ar. gêndhing.
carang-landhêp: br. ent. gêgaman landhêp.
carat: I kn. 1 cucuking canthing pambathikan; 2 (ut. [x]-an) cèrèt. II êngg. kn: mlêthèk, pêcah. III êngg. kn: lêmah sing nglojok ing sêgara (yèn sêgarane rob, kêlêban). IV ([x]-taun, [x]-warsa): angin gêdhe saèm. lesus; kc. cèrèt.
caracab: kw. buyar, pating slêbar.
carêk: êngg. cêdhak.
carêm: kw. wis atut salulut; [x]-an êngg. k: durèn.
carêmin: kn. crêmin.
cari: ma-[x] kw. ak. golèk.
cariyos: k. 1 carita; 2 kandha.
carik: I kn. 1 êngg. corèk, garis; 2 bathikan tangan; 3 jurutulis ing kalurahan lsp. II êngg. kn: sawah darbèke dhewe-dhewe; di-[x](i): diêdum-êdum marang batur-batur lsp. (tmr. lorodan dhaharaning priyayi gêdhe); [x]-an: lorodan, turunan.
caring: êngg. kn. 1 padhang, têrang; 2 têrang (udane lèrèn); 3 dhedhe.
carita: n. cariyos k. babad, dongèng ngêmot lêlakon; kc. crita.
caritara, caritra: kw. carita.
cariwis: kn. criwis.
(carya): kacaryan kw. gumun, gawok, bungah.
carma: (S) kw. wlulang.
carmin: kw. pangilon.
caru: (S) kw. sajèn, korban; di-[x]: disajèkake.
(carub): di-[x] kn. diwor sarta dicampur dadi siji; [x]-an: campuran.
carabuk: kn. 1 ar. dhapuring kêris; 2 ar. iwak loh.
carub-wor: br. carub sarta awor ora karuan pêpilahane.

caruk: kn. campur dadi siji; di-[x]: 1 dirayuk, dirauk; 2 digraut; 3 êngg. dicampur, dicarub ora dipilah-pilah.
--- 627 ---
caruk-banyu ~ cathuk.
caruk-banyu: kn. carukan, diracak tanpa dipilah-pilah.
car-cur: pc. tansah mancur; kc. cur.
car-cor: pc. gunêman mung waton mêtu bae.
cas: pc. katêranganing mancas; di-[x]-i: 1 dipathoki, ditêtêpake tmr. rêrêgan lsp; 2 êngg. diputus, dipancasi; 3 êngg. dikandhakake trêp kaya apa anane; [x]-[x]-an: 1 pancas-pancasan; 2 pêpancasan, putusan; kc. pancas.
cas-cês: pc. kêrêp tètès tmr. ilêr lsp; kc. cès.
cat: kn. katêrangan lêpasing wêktu sakêplasan; [x] ... [x] ora: sakêplasan ... sakêplasan ora (katon, kelingan lsp); [x]-[x]-an, [x]-cut: ora têtêp pamikire.
catu: I êngg. tatu. II di-[x] êngg: diupakara (didongani lsp) tmr. tatu. III kn: 1 ingon, cadhong; 2 êngg. bageaning sawah darbèking wong akèh; 3 êngg. sawah sing digadhuhake minangka pituwas; 4 êngg. bawon (opahaning ani-ani); 5 êngg. pancèn, mula nyata; di-[x]: dicadhong, dicumpi.
catur: I n. (wi-) cantên k. gunêm, kandha; ana [x] mungkur pr: ora mrêduli (maèlu) gunêming liyan; nyatur: nggunêm, ngrêmbug bab, ngrasani; ka-[x], cinatur br: kacarita, kocap; [x]-an: gunêman, calathu. II (S) kw: papat. III kn: ar. dolanan asal saka Pèrsi, nganggo blabak pêsagèn (papan catur) mawa gambaran kêkothakan irêng putih sarta wong-wongan (bidhag, jaran, patih, ratu, mantri, bètèng).
cato: êngg. kc. catu II.
caton: I (ut. pa-[x]) kn. bathok dibolongi kanggo dhasaring kukusan yèn dianggo adang. II kn: cadhong, ingon, cumpèn; kc. catu.
catra: I (S) kw. 1 payung; 2 pangayoman. II (S) kw. ak: jantra, rodha.
caca: kn. 1 rêngat, bênthèt; 2 cacad, gampang kênane lêlara; [x] mata: matane cacad; [x] upa pr: ngrênggangake pamitran sing wis rakêt.
cacab: kn. 1 rumasuk, tumancêb (kacêp) 2 amblês, kaclup ing banyu lsp. nyabrang ing banyu lsp. nganti jêro; 3 mandi, ampuh, sêtijab bangêt; 4 (lênga [x]) lênga ut. dèrèsan rêmpêlas lsp. kanggo sarana ngakèhake rambut; 5 bosokan kewan ut. wisa kanggo nêncêm gêgaman; di-[x](i): 1 disabrangi; 2 dilêngani ing cacab tmr. rambut; 3 dicêncêm ing wisa lsp. tmr. gêgaman; ka-[x]-an br: kêlêban.
cacad: I kn. kaanan sing njalari alaning wujud, ciri ala; di-[x]: diwaoni, diceda; dadi [x]-an: dadi pangalan-alan (akèh wong sing nacad). II [x]-an kn: tracuk ing wluku.
(cacag): di-[x] êngg. dicacah.
cacah: I kn. 1 wilangan, kêhing samubarang; 2 êngg. wong tani sing wênang mèlu ndarbèni sarta nggarap sawah; di-[x]-ake: 1 diwilang, dietung; 2 digênahake, (katut) dirêmbug; ora kê-[x]: ora katut dirêmbug. II di-[x] kn: dijur (dirajang) lêmbut tmr. iwak lsp; 2 dikrikiti

ing tikus lsp. nganti ajur; [x]-an: 1 apa-apa sing wis dicacah; 2 pc. dhapur, rupaning praèn.
cacah-jiwa: kn. 1 kèhing wong sing padha dêdunung ing sawijining nêgara lsp; 2 nacahake kèhing wong sing padha dêdunung.
cacah-êri: kn. petungan kèhing iwak loh.
cacah-molo: kn. petungan kèhing omah.
cacah-sawah: kn. petungan kèhing sawah.
cacah-sirah: kn. petungan kèhing wong ut. kewan.
cacah-cucah: kn. 1 rucah, arahan; 2 pc. ora sênêng (tanpa pakolèh).
cacaya: kw. ora murni, palsu; kc. caya.
cacak: I êngg. kn. bngs. piranti pangrajangan têmbako. II êngg. pc. jajal ! coba ! kalah [x] mênang [x] pr: samubarang prakara iku pakolèh lan orane kudu dicoba dhisik; di-[x] êngg: dicoba, dijajal, diayati; kc. cak. III kn: 1 pancèn, mula nyata; 2 luwih-luwih manèh, apa manèh; aja [x]: aja sing ..., aja manèh ...
cacal: kn. cowèl; di-[x]: dicowèl, dipêcèl.
cacala: kw. utusan; kc. cala.
cacar: I êngg. pc. lara cangkrang, ana warna-warna up. [x] alas, [x] banyu. [x] tumbar, [x] jagung; di-[x]-(i): dicublik ut. digarit lêngêne nganggo pèn sing wis dicêncêm ing wiji cacar kanggo panulaking lara cacar; [x]-ên: nandhang lara cacar. II di-[x] êngg: dipancas, dirampasi tmr. têtuwuhan lsp.
caci: êngg. kn. 1 sanggan (jlagrag) kayu sing arêp digraji, andhan-andhan saèm. paga; 2 cathokan, ilat-ilataning cathok.
cacing: kn. ar. kewan tanpa bêbalungan wujude gilig dawa sarta lêmês; pênjalin [x]: pênjalin sing cilik; suruh [x]: suruh sing tanpa carangan; di-[x]-i: diombèni jamu murih mêtu cacinge; [x]-ên: nandhang lara marga ing wêtênge akèh cacinge.
cathak: I kn. bngs. lalêr gêdhe sok ngrubung raja-kaya; nyathak: (kaya cathak) kurang ajar, murang tata. II êngg. kn: andha dianggo ndèrès arèn.
(cathèk): di-[x] kn: dicakot (tmr. asu).
cathèk-gawèl, cathèk-cawèl: kn. sênêng ngunèni ala, sênêng mêmaoni.
cathêm: ut. [x]-an kn. tanggêm cilik; di-[x]-ake pc: diingkêmake; ikêt-ikêtan [x]-an pc: ikêt-ikêtan tanpa sinthingan sarta mèpèt bangêt.
(cathêt): di-[x] kn. 1 êngg. dijithêt, didondomi; 2 êngg. dikrikiti; 3 dipèngêti, dieling-eling sajroning ati; di-[x]-i: ditulisi murih aja lali; [x]-an: layang pèngêtan.
(cathil): di-[x] pc. dijupuk (disuda) saperangan, digawa lunga.
(cathis): nyathis kn. wêwanguning cangkêm (janggut) sing cilik.
cathuk: mak [x] pc. pêpindhan swaraning
--- 628 ---
untu tumangkêb; [x]-an, [x]-ên: untune gathik dening adhêm.
(cathur) ~ cèkli.
(cathur, cathus): nyathur, nyathus kn. mênêng bae tanpa ngucap (cangkême mingkêm sêmu maju).

cathut: kn. ar. piranti kanggo nyabut paku lsp.
(catho): [x]-[x] kn. 1 kurang awas pandêlênge (marga cadhok, pêtêng lsp); 2 durung mangrêti têmênan.
cathok: I (ut. [x]-an) kn. timangan ing sabuk; di-[x]: 1 dipasang sarta dianjingake mung kanggo nyoba tmr. ragangan omah lsp; 2 digathukake sarta diubêdi ing tali (tmr. kayu sing arêp disambung); [x]-an: 1 tali, wilahan wêsi lsp. sing dianggo nyathok sambungan kayu lsp; 2 adon-adon gêthakan ing sambunganing kayu; 3 (ut. [x] rêmbug) pc. wis canthèl rêmbug. II di-[x] kn: nyaut kinjêng, lalêr lsp. nganggo tangan.
cathok-gawèl, cathok-cawèl: kn. 1 gandhengan tangan sarana drijine kasêlap-sêlapake; 2 sênêng maoni, sênêng cawe-cawe; kc. cathèk.
cathok-pelas kn. tangkêb pelas (jarit sing cupêt, yèn dianggo bêbêdan ut. tapihan ora bisa tumangkêb mubêd).
cawad: kn. saradan sing njalari cacad, nglênthar; di-[x]-(i): diwada, diwaoni.
cawak: I kn. 1 ora pêsagi bênêr dadi yèn ditangkêbake banjur mèncèng tmr. ikêt; 2 pc. ora trêp, kêcilikên ut. kêsêthithikên. II kn: crawak, sênêng bêngak-bêngok.
cawan: (C) kn. lèpèk (piringaning cangkir).
cawang: I kn. 1 (ut. [x]-an) pang; 2 mawa pang sing trubus awangun kaya canggah; 3 mangro tmr. ati lsp. II [x]-an êngg. kn: gadhangan, calon.
cawar: êngg. kn. cabar.
(cawe): [x]-[x] kn. mèlu ngrêmbug prakaraning liyan.
(cawèl): di-[x] kn. 1 dicathèk, dicakot; 2 êngg. pc. dicêkêl, katut dicakot tmr. dakwa lsp.
cawèn: kn. mawa rêrênggan gambar kêkêmbangan kang ngrêmit; kc. cawi.
cawêni: kn. bngs. lawon putih.
cawêngah: kw. 1 jiguh, rikuh; 2 ora sudi.
cawêt: kn. apa-apa sing dianggo nutupi wêwadi sarana kaubêdake ing bangkekan kasusupake saantaraning wlakang; di-[x]-ake: disilakake sarta diubêdake ing bangkekan; [x]-an: nganggo cawêt.
cawi: kn. panuli sing alus kang lumrah sing digawe brêngos tikus ut. kucing; di-[x]: disungging nganggo cawi.
cawik: i ki. cewok. II [x]-an êngg. kn: 1 cawan, lèpèk; 2 bathok cilik kanggo takêran bêras lsp.
(cawil): di-[x] êngg. dicawèl.
cawis: kn. 1 (caos ki) sadhiya, wis tumata; 2 êngg. tungguk ana ing dalême priyayi gêdhe; cêcawis: tata-tata ing sadurunge; di-[x](ake): disadhiyakake; (cê)[x]-an: sadhiyan.
cawuh: kn. 1 dhumpyuk (jumbuh) ora kêna dipilah-pilah; 2 bola-bali (nglantrah) nganti njuwarèhi.
cawuk: sa-[x](an) kn. sacidhuk, sacidhukan; di-[x]: 1 dicidhuk nganggo tangan dicêkodhongake; 2 digraut, digruwak.
cèblèh: êngg. kn. cêblèh.

cèblêk: mak [x] pc. katêranganing tumancêb lsp; di-[x]-ake: diceblokake, ditancêbake.
(ceblok): di-[x]-ake êngg. ditancêbake, ditandur.
ceblong: êngg. kn. cebong.
cebol: kn. 1 cêndhèk sikile cêkak tmr. dêdêg-piadêg; 2 pc. cabar, wurung tanpa woh; [x] nggayuh lintang pr: wong sing duwe jangka prakara sing mokal-mokal.
cebol-kêpalang: kn. yèn ngadêg katon cêndhèk, nanging yèn linggih katon dhuwur tmr. dêdêg-piadêg.
cebong: kn. anak kodhok sing isih awujud kaya iwak loh.
ceda: kw. cacad; di-[x]: dicacad.
cedan: kw. cacad; kc. ceda.
cedhak: êngg. cêdhak.
cedhal: kn. ora cêtha kêdaling gunême tmr. bocah cilik (up. r diucapake l).
cèdhêk: êngg. cêdhak.
cedhok: kn. bngs. serok kanggo golèk iwak; tukang [x] êngg: bakul iwak loh; [x]-[x] sêmbahe: anggone nyêmbah ambal-ambalan; nyêmbah sa-[x]-an: nyêmbah sapisan.
cè-e: êngg. supaya; kc. cikbèn.
cèg: I di-[x]-ake êngg. pc. 1 disahi (tmr. utang); 2 dicècègake. II (W) kn: layang ing bang minangka pratandha wênang nampa dhuwit.
cègêr: mak [x] kn. katêranganing mencok, kêna tmr. panah lsp; cègar-cègêr, [x]-[x]: bola-bali tansah mencok (kêna); di-[x]-ake (dicègèrake êngg): dipêsthèkake, dijagakake; kc. cagêr.
cegoh: ut. [x]-regoh êngg. pc. cekoh-regoh.
cègcog: êngg. pc. pasulayan, padudon, udur.
(ceyok): di-[x](i) êngg. pc. dirauk, diraup.
cèk: I kn. (sa-[x]) salarik (salentrengan) nglima-lima, ut. mapat-mapat tmr. metung dhuwit; 2 êngg. limang sèn; di-[x]-i: diwilang sarana dilèntrèng-lèntrèng lima-lima ut. papat-papat tmr. dhuwit; kc. cècèk, cèg. II di-[x] êngg: diadhuk (dilêmbutake) tmr. wlukon.
cekas: êngg. kn. wêkas, wêling.
cèkat-cèkêt: kn. tumandang sarwa rikat.
cèke: êngg. pc. supaya; kc. cikbèn.
cèkèh: kn. 1 ingisor bênggang mênga tmr. sikil; 2 (ut. [x]-mêkèkèh) sikil kang mênga saèm. engkar; 3 êngg. pc. jagrag canggah.
cèkèl: kw. murid, baturing pandhita.
(cèkèr): I [x]-[x]. cêcèkèr kn. 1 ngorak-arik lêmah sarana cakar (tmr. pitik); 2 pc. golèk pangan; di-[x]-i: digaruk-garuki nganggo cakar (tmr. pitik). II (ut. cêcèkèr) êngg: dêdunung, manggon; [x]-an êngg: sawah sing digawe dhewe.
cèkli: kn. cilik sarta bêcik tmr. omah; cèklèn pc: pasaja (gampang-gampangan) tmr. pasugatan lsp.
--- 629 ---
(cekluk) ~ cèpèr.
(cekluk): [x]-an êngg. kn. cêciblon.

ceko: kn. bengkong ora kêna dijêjêgake tmr. tangan.
cekoh: I êngg. kn. ceko. II (ut. [x]-kokoh): dhokoh sarta sêngkut ênggone mangan.
cekoh-regoh: kn. wis jêmpo sarta wis ora bisa nggêglawat.
cekot: pc. bengkong sarta cacad tmr. athik-athikan lsp.
cekot: êngg. kn. ceko.
cekre: êngg. kn. kunthing.
(cekruk): [x]-an êngg. kn. cêciblon.
cèkcok: êngg. pc. padudon, pasulayan.
celad: êngg. kn. cedhal.
cela-celu: êngg. kn. owah-owah (molah-malih) pêpenginane.
cele-cele, cèlèn: êngg. têmbung sabawaning gumun.
cele-mende: kn. ar. kewan gêgrêmêtan.
cèlèng: I n. andhapan k. babi alasan; [x] mogok kn: 1 ar. patraping mepe pari; 2 wanguning kêcik; [x] gontèng kn: bngs. cèlèng cilik; ngadhêp (cêdhak) [x] bolotên pr: cêdhak (sêsrawungan) karo wong ala, mêsthi gampang kêtularan; di-[x]-i kn: disimpên saka sathithik tmr. dhuwit; [x]-an kn: 1 wadhah dhuwit dianggo nyèlèngi; 2 simpênan dhuwit; 3 êngg. sanggan antru lsp. II [x]-[x] êngg. pc: têmbung sabawa nelakakake gumun lsp.
(cèlu): ka-[x] br: kumudu-kudu; kc. kumacèlu.
celung: I (ut. kêcelung) kn. kêmbang dhadhap. II nyelung kn: 1 golèk laron lsp. sarana dijontrot ing diyan; 2 pc.mblondrongake, nasarake. III kw: cupu; dicelung: diwadhahi ing cupu.
cèm: êngg. cèp, cup.
cèmbèng: kn. 1 pc. riyaya mêmêtri kuburan (ing sasi April) tmr. bangsa Cina; 2 (ut. [x]-an) êngg. riyaya karamean ngarêpake giling tmr. pabrik têbu; 3 (ut. [x]-an) êngg. karamean ing desa ngarêpake panèn; kc. cingbing.
ceme: I (ut. kêceme) pc. ar. woh bngs. bêstru. II (ut. cême, cèmèh) pc: ar. mainan nganggo kêrtu cilik; kc. jèmèh.
cèmèt: êngg. pc. cèpèt.
(cemot): I di-[x] kn. diangkat (dibopong, dirangkul) kapêtêkake ing dhadha kanthi rêrikatan; kc. comot. II [x]-[x] kn: rêgêd pating klaprut (up. mêntas mangan cangkême gubras).
cempal: êngg. kn. godhong lsp. sing dianggo nimpal rêrêgêd; kc. timpal.
cèmpèh: êngg. kn. bngs. tenggok cilik awangun bundêr.
(cemplak): di-[x] êngg. dicengklak, dicemplo.
cemplo: kn. katêranganing nyengklak; di-[x]: dicengklak.
(cèmprèng): (ut. [x]-an) êngg. kn. rèmèh, ora aji; 2 climèn tmr. duwe gawe.
cèndhèk: êngg. cêndhèk.
cèndhèp, cêndhèp: êngg. cêndhak.
cendhok: êngg. sendhok.
cendhol: kn. 1 glindhingan pathi onggok; êngg. ombèn-ombèn sing nganggo ampas glintiran pathi onggok; kc. cumendhol.

(cènèng): di-[x] kn. narik, nggèndèng tali lsp.
cèning: êngg. ar. panganan.
cènol: mak [x] pc. katêrangan mêndaling barang sing êmpuk.
centhang: I kn. bngs. cowèk cilik. II di-[x](i) kn: didèkèki corèkan ut. tulisan kanggo têngêran; [x]-an: cathêtan, pèngêtan (têtêngêr).
cènthang-cènthêng: pc. tansah kêna bae.
(cènthèl): di-[x]-ake êngg. pc. dicanthèlake; kc. canthèl.
cènthêng: mak [x] pc. katêranganing kêna (tmr. barang sing lancip lsp).
centhong: êngg. kn. 1 enthong; 2 balung têpak.
cèng: I kn. 1 kilang têbu sing arêp didadèkake gula; 2 êngg. tètès (turahan kilang têbu). II di-[x]-i pc: dilangkahi, dilumpati tmr. ing mainan.
cèngan: êngg. kn. rada ngantuk.
cengas-cengos: pc. pating crengos; kc. crengos.
cèngbèng: pc. cèmbèng, cingbing.
cèngèh, cêngèh: êngg. kn. lombok.
(cèngèl): nyèngèl pc. mêncungul moncol; di-[x]-ake: dicungulake moncol.
cèngèng: êngg. kn. cingèng.
cènggèr: kn. daging ing bathuking pitik; kc. jènggèr.
cèngkèg: pc. congkog.
cèngkèh: êngg. pc. 1 sigar cêcawangan; sikilan, sanggan; 3 lirangan tmr. gêdhang; kc. cèkèh.
cèngkèr, cêngkèrèk: êngg. kn. cengkre.
(cengklak): I nyengklak kn. mêncolot munggah ngayati nunggang jaran lsp, ngayati nunggang mumbul saka ing iringan. II di-[x] êngg: dicangklèk.
cengkok: kn. 1 pratingkah sing ginawe-gawe murih katon bêcik; 2 cara ênggone mangun wêwujudan (karangan, yêyasan lsp); 3 êlak-êluking swara ing lêlagon têmbang lsp; di-[x]: 1 êngg. dicangkok; 2 ditiru, ditulad.
(cengkrang): sikile di-[x]-ake pc: sikile dislengkrangake.
cengkre: kn. sênêng nangani (mbêbeda lsp) tmr. bêcah[4] cilik.
cengkrong: kn. 1 bengkong tmr. sikil ut. tangan; 2 penthong; 3 êngg. bngs. lading sing mbêngkêluk.
cengosan: pc. crengosan.
(ceok): di-[x]-i êngg. pc. dirauki, diraup.
(ceos): di-[x] êngg. disiram ing banyu murih mati tmr. gêni.
cèp: êngg. dhèp, cèm, cim; di-[x]: wis didhèdhèki dhisik.
cèpe: êngg. ujare, jarene.
cèpèh, cèpèk, cêpèk, cêpèr: êngg. kn. cawan, lèpèk.
cèpèr: (cêpèr êngg) kn. ora jêgong, ora kuwung tmr. piring lsp; [x]-[x]-e êngg: sathithik-sathike,[5] apêse.
--- 630 ---
cèpèt ~ cêdhak.

cèpèt: I kn. rêgêd pating klaprut; [x]-[x] tangan: ngipat-ngipatake tangan têlês (mêntas wisuh lsp); kc. clèprèt. II [x]-an êngg. kn: gêndruwon (têtironing gêndruwo).
(cèplak): [x]-[x] êngg. mêmangan coplak-capluk.
ceplak-cèplèk: pc. cêdhak bangêt.
cèplês: kn. 1 trêp bangêt ora kurang ora luwih tmr. paran, plêk ora kliru tmr. petungan lsp; 2 trêp padha rupane, jiblès.
cèplukan: kn. 1 ar. manuk; 2 ar. têtuwuhan.
(cepor): nyepor êngg. pc. gêdhe njêbèbèh tmr. lambe.
cèprat-cèprêp: êngg. kn. 1 tansah kêna tmr. gaman landhêp sing ditamakake; 2 pc. bêcik ênggone ngêmpakake têmbung.
(cèprèt): di-[x]-i êngg. diciprati apa-apa sing rêgêd.
cèprêt: mak [x] pc. pêpindhan swaraning lêlandhêp sing tumama.
(ceprot): di-[x]-i pc. diciprati.
cèr: kn. pêpindhan swaraning kêcèr lsp.
cerak, cêrak: êngg. kn. cêdhak.
cerang-cerong: êngg. pating clerong tmr. rai.
cere: kn. 1 (ut. ceremende) ar. kewan bngs. coro cilik; 2 nistha, asor, arahan.
cèrêk: êngg. cêdhak.
cèrèm: êngg. rèmèh, sapele.
cèrèt: kn. ar. wadhah nganggo cucuk sing digawe blèg ut. têmbaga piranti kanggo nggodhog wedang; kc. carat.
(cerit): êngg. pc. cirit.
cerok: êngg. pc. serok.
(cerong): [x]-[x] kn. rêgêd pating clerong; di-[x]-i: diclonèhi; kc. clerong.
cès: mak [x] pc. katêrangan tumètèsing ilêr; ngê-[x] pc: ngilêr; [x]-[x]-an pc: tansah ngilêr.
cèt: I (sa-) [x] kn. salentrengan dhuwit nglimang sèn lsp; kc. cèk. II kn: bubukan mawa warna dijuri banyu ut. lênga kanggo mulas, nglapis lsp; di-[x]: dipulas (dilapis lsp) ing cèt. III di-[x]-i êngg. pc: diklècèpi.
cece-buce: pc. 1 cècèl-bucèl; 2 asor, sapele, rèmèh.
cècèg: êngg. pc. cocog; di-[x]-ake: dicocogake.
cècèk: I êngg. pc. cocog. II di-[x](i) kn: dicacah (dicowèl-cowèl) tmr. gori, klika lsp. III kn: rajangan wlulang kêbo ut. sapi digorèng dianggo lawuh. IV êngg: gori.
cècèkan: êngg. pc. gampang dilakoni (dijangka).
cècèk-bucèk: pc. pating crowèl kêbak tatu.
cècèl: kn. pating crowal marga tatu kêna wadung lsp; di-[x](i): dicowal-cowal nganggo wadung lsp.
cècèl-bucèl: kn. tatu pating crowal (marga dicècèl ut. kêna ing mêmala).
cecemu, cecemuwe: êngg. pc. rèmèh, sapele bangêt.
cècèr: kn. kècèr, cicir.
cecok: êngg. pasulayan, pêpadon; kc. cèkcok.
cècèran, cècètan: êngg. manuk glathik ênom; kc. cècrèkan.

cècrèkan: kn. glathik ênom; isih [x]: isih ênom (durung lêbda ing kawruh).
cèthèk: (cêthèk êngg) kn. 1 ora jêro tmr. kali lsp; 2 ([x] budine, [x] kawruhe lsp) ora muluk bêbudène (kawruhe lsp).
cèthèt: mak [x] pc. sanalika mêcothot mêtu; [x] ks: 1 mati; 2 (ora [x]) ora bisa.
cèthi: I êngg. kn. bêrsèt sarta prigêl. II (S) êngg: batur wadon.
cetho: pc. ks. picak.
cethok: I kn. wangkil gêdhe. II pc. ks: pece (wc. pece sithok).
cèwèhan: êngg. pc. ilèn-ilèn banyu; kc. clèwèhan.
cèwèk: ut. [x]-gambrèng êngg: gêmbèng (gampang nangise).
cèwèng: I kn. bèncèng karêp; di-[x]-[x] êngg. pc: dicènèng-cènèng; kc. bèncèng. II kn: ar. mainan nganggo kêrtu cilik.
cèwèr: êngg. cuwèr.
cèwèt: êngg. kn. 1 ana sing gothang, kurang patitis; 2 ora sampurna, ora wutuh.
cewok: kn. cawik ki. rêrêsik sabakdane bêbanyu ut. nguyuh; di-[x]-i: dirêsiki (sabakdane bêbanyu ut. nguyuh).
cewol: mak [x] pc. katêranganing nyêmol lsp; kc. ciwêl, cuwil.
cêb: mak [x] pc. dumadakan tumancêb; di-[x]-ake pc: ditancêbake.
cêbak: êngg. cablèk, têbak; di-[x]: dicablèk, ditêbak.
cêbèk: I di-[x] êngg. dicablèk, ditêbak. II êngg. pc: cikbèn.
cêbêlèh: kn. cêblèh.
cêbilak: êngg. kn. ora sumringah, tanpa warna.
cêblaka: kn. pasaja, barès; kc. blaka.
cêblang-cêblung: pc. gunêman mung anggêre muni bae.
(cêblèk): di-[x] pc. dicablèk.
cêbluk: pc. cêblung; di-[x]-ake pc: 1 dicêblungake, dicêmplungake; 2 dicêblokake, diceblokake.
cêblung: I mak [x] pc. katêranganing apa-apa sing kêcêmplung ing banyu lsp; nyêblung pc: nyêmplung; di-[x]-ake pc: dicêmplungake. II (ut. cêcêblung) ks: anak.
cêblok: kn. 1 tiba tmr. krambil lsp; 2 êngg. gogrog, coplok; 3 êngg. peranganing cagak lsp. sing tumancêb ing lêmah, kayu lancip kanggo gawe (jaga) giliran gênti gêntèn; di-[x]-ake: 1 ditancêbake ing lêmah tmr. cagak lsp, diêdêgake ing (tmr. omah); 2 pc. ditandur tmr. pari lsp; 3 pc. ditibakake, digogrogake; [x]-an: gogrogan (woh).
cêbuk: I kn. ar. kewan ama kacang. II kn: pêpindhan swaraning barang kêcêmplung ing banyu; kc. cêbluk.
cêbur: kn. pêpindhan swaraning nyidhuk banyu lsp.
cêbrik: êngg. rêgêd mblêkêthêk, jêblog.
cêdhak: n. cêlak k. ora adoh antarane; nyêdhak(-i): mara cêdhak karo: kê-[x]: kinasih; [x]-an karo pc: kêkumpulan
--- 631 ---
karo; saka [x]-an: saka ing papan sing cêdhak.
cêdhêk ~ (cêkêthêm).
cêdhêk: pc. cêdhak (cêdhak bangêt).

cêdhis: kn. wong sing asor (ala) bangêt.
cêdhul, cêdhot: mak [x] êngg. pc. krasa kaya dicènèng tmr. tatu lsp; dudu nyêdhut êngg. kn: dudu sanak dudu kadang.
cêdhot: êngg. pêdhot; di-[x] êngg: dicènèng, dipêdhot; kc. cêdhut.
cêg: mak [x] pc. katêranganing nyênyêkêl; mak [x] gêmêk: nyêkêl alon-alonan nanging kêncêng; kc. cag.
cêgah: I êngg. kn. kêjêjêgên tmr. doran. II kn: 1 alangan, têngadur; 2 (ut. cêcêgah) nyandhêt pêpenginan marang pangan lsp; di-[x]: dicandhêt, dielikake, dilarangi.
(cêgat): di-[x](i) kn. 1 dipapag ana ing dalan (arêp diêndhêg lsp); 2 diadhangi, dialang-alangi murih aja têrus; 3 êngg. pc. diadhang, diêntèni.
cêgèh: I kn. 1 dhadhane krasa sêsêg rêkasa kanggo ambêgan; 2 ([x] atine) rada mangkêl. II kn: kêjêjêgên pangêtrape tmr. doran, ukiran lsp.
cêgèk: êngg. cêkak, kêkêncêngên.
cêgêmêk: mak [x] pc. nyêkêl alon-alonan nanging kêncêng; kc. cêg.
cêglak-cêglik: pc. (nunggu wong lara lsp) ijèn tanpa rowang.
cêglug, cêglung, cêgug: mak [x] pc. katêranganing kêcêmplung ing banyu.
cêguk: I kn. sêgun, cêkik; [x]-ên: sêgunên, cêkikên (tmr. bayi). II (ut. clêguk) kn: ngombe; sa-[x]-an: saglênggêngan (saombèn). III êngg: bodho, cugêtan atèn.
cêgur: kn. jêgur; nyêgur: nyêmplung ing banyu lsp; di-[x]-ake: dicêmplungake ing banyu lsp; kc. jêgur.
(cêgok): [x]-[x] pc. pêpindhan swaraning wong ngombe; sa-[x]-an: saombèn; kc. cêguk.
cêgot: êngg. pc. pêdhot; kc. cêdhot.
cêk: mak [x] pc. katêranganing nyênyêkêl.
cêkak: kn. ora landhung, ora dawa; [x] aos, [x] cukup: cêkak akèh surasane (mêntês); [x] ambêkane (napase): ambêkane ora landhung (sêsêk); [x] budine: nêpson, cugêtan atèn; [x]-e, [x]-ane: ringkêsing rêmbug; di-[x](-i, -ake): 1 dicêndhakake tmr. apa-apa sing landhung; 2 diringkês tmr. crita lsp.
(cêkakah): [x]-an sikile pc. sikile mbêgagah.
cêkakak: kn. ar. manuk; pating [x], [x]-an: gumuyu sêru.
(cêkakar): [x]-an pc. têturon sikile diunggahake sêmu arêp ngranggèh.
cêkakik: pc. klèlèt.
cêkaklak: êngg. kn. cêkakak (ar. manuk).
(cêkangkang): pating [x], [x]-an pc. (padha) tiba klumah; kc. jêkangkang.
cêkap: k. cukup.
cêkathakan: kn. lapak kayu (kang lmr. nganggo larab bludru).
cêkathuk: pating [x] pc. pating clêkanthuk.
(cêkedhong): nyêkedhong kn. nêkuk (mbengkong) tmr. tangan.
cêkèh-cêkèh: êngg. watuk.

cêkèk: I kn. lara watuk sing ora ngêtokake riak; bok [x] ta!! pc: bok mati ta !; kc. cêkik. II di-[x] ks: dipangan.
cêkekal: mak [x] pc. tiba banjur gumregah; kc. jêkekal.
cêkekar: [x]-an kn. cêkakaran.
(cêkèkèh): pating [x] kn. katon mbênggang tmr. sikil; di-[x]-ake: dibêgagahake tmr. sikil; kc. cèkèh.
cêkenthong: kn. bngs. takir sing digawe godhong gêdhang kanggo wadhah sêga wuduk lsp.
cêkengkang: pating [x] pc. padha tiba mlumah; kc. jêkengkang.
cêkèt: mak [x] pc. katêranganing nyakot, nyathèk lsp.
cêkèthèk: pc. jêkèthèk.
(cêkethok, cêkethong): di-[x]-ake pc. dipuntir (ditêkuk) mlêbu tmr. ugêl-ugêl.
cêkêdhung: kn. 1 êngg. jêgong. lêgokaning apa-apa sing kuwung; 2 lêgokaning tangan (èpèk-èpèk) nalika dikuwungake; tangane di-[x]-ake: èpèk-èpèke dikuwungake kaya patrape wong nyawuk banyu lsp.
cêkêkar-cêkêkêr, cêkêkêran: êngg. pc. ngglangsur alon-alonan.
cêkêkrêk:, pating [x], nyêkêkrêk pc. katon ora sigrak; kc. cêkukruk.
cêkêl: n. cêpêng k di-[x]. 1 (diasta ki) digocèki, digujêngi, dicandhak; 2 wis disadhiyakake kanggo (tmr. gêgaman, dhuwit lsp); 3 didarbèni ing sawêtara mangsa minangka tanggunganing utang lsp; di-[x]-i: 1 digujêngi, digocèki; 2 diwènèhi gêgaman, dhuwit lsp. kanggo sadhiyan; 3 diwènèhi apa-apa minangka tanggungan; di-[x]-ake: 1 digocèkake, dicandhakake; 2 digadhèkake ut. diwènèhake marang liyan minang[6] katanggunganing utang; [x]-an: 1 (ut. [x] tangan) gocèkan, gujêngan, padha dene nyêkêl tangan; 2 apa-apa sing dicêkêl ut. dianggo sadhiyan (dhuwit lsp); 3 peranganing piranti (pêdhang lsp) sing dicêkêl, garan, gêgaran; 4 barang-barang sing dianggo tanggunganing utang; 5 (layang [x]-an) layang pratandha utang piutang.
cêkêl gawe: n. cêpêng damêl k. 1 duwe pangkat sing têtêp; 2 êngg. têtêp dadi warganing padesan (wêwênange têtêp).
cêkênêng: pating [x] kn. kêncêng bangêt tmr. kulit, daging lsp.
cêkênik: pating [x] kn. akèh wujude nanging cilik-cilik; kakehan [x]: kakehan rèbyèg (kakèhan uba-rampe).
cêkênuk: pating [x] kn. pating prênthêl.
cêkênthik, cêkênthing, cêkênthit, cêkênthung:, pating [x] kn. padha nêkuk ut. mrênthêl ing pucuke.
cêkêngkêng: mak [x] pc. sanalika mati dadakan.
cêkêp: êngg. k. cukup.
cêkêthak-cêkêthik: (-cêkuthik) pc. pating clêkuthik.
cêkêthêk: pating [x] pc. mblêkêthêk, pating blengkrah ora kopèn.
(cêkêthêm): di-[x] kn. digêgêm kêncêng.
--- 632 ---
cêkêthik ~ (cêmak).
cêkêthik: jêbul mak [x] pc. jêbul mung [x] pc: jêbul mung sapele bae.
cêki: kn. ar. mainan nganggo kêrtu cilik.

cêkidhang-cêkidhing: pc. nggêgawa apa-apa mung dicêngkiwing bae.
(cèkidhing): di-[x] kn. dicêngkiwing, dicangking.
cêkik: kn. 1 cêguk; 2 sêgun ngarêpake mati; 3 kn. mati; di-[x] ks: ditêkak; [x]-ên: cêgukên, sêgunên; kc. cêkèk.
cêkikèr: kn. swara kluruking ayam alas.
(cêkikik): pating [x], [x]-an: ngguyu lirih.
cêkit: I mak [x] kn. katêranganing rasa dicakot lirih; kc. cêkot. II di-[x] êngg. dicolong sathithik sarana diêrit tmr. pari ing sawah; kc. cêkut.
cêkithang-cêkithing:; kc. cêkidhang-cêkidhing.
cêkithat: pc. jêkithat.
(cêkithing): di-[x] kn. dicêngkiwing, dicangking.
(cêkiwing): di-[x] pc. dicêngkiwing, dicangking.
cêklak, cêklèk, cêklik: mak [x] kn. swaraning apa-apa sing putung.
cêklèk: êngg. kn. coklèk, putung; di-[x] êngg: dicoklèk, diputung; [x]-an: 1 pc. putungan rèncèk lsp; 2 jêplakan, jêpatan; 3 ([x] atèn) mutungan, gampang nêpsune; kc. coklèk, jêklèk.
cêkluk: mak [x] kn. pêpindhan swaraning ngglêthuk ut. njêthuti rosrosan; di-[x](i): diglêthuk, dijêthuti tmr. ros-rosan lsp; [x]-an êngg: dhêklak-dhêkluk marga ngantuk; kc. jêkluk.
cêkukrak-cêkukruk: pc. tansah ndhêkêm kurang sigrak tmr. pitik.
(cêkukruk): nyêkukruk kn. tansah ndhêkêm kurang sigrak tmr. pitik.
(cêkunthêng): di-[x]-ake pc. ditêkuk, dibêngkuk pucuke.
(cêkut): di-[x](i) pc. 1 dicolong sarana diêrit sathithik tmr. pari sing isih ana ing sawah; 2 dijupuk sarta digawa lunga; 3 (di-[x] nyawane) mati; kc. cêkot, cêkut.
(cêkuthak): di-[x] jangggute kn. disamplak janggute.
cêkuthik: [x]-[x], pating [x] pc. akèh enggok-enggokane ut. guthêkane; kc. clêkuthik.
(cêkuthis): nyêkuthis pc. 1 (raine) katon pucêt sarta kêmpot; 2 ora duwe isin, saèn njêjaluk, gêmi bangêt.
(cêkuthu): nyêkuthu kn. tangane nggêgêm (jêmpole kacungulake ing antarane panuding karo panunggul).
cêkuthuk: I caping [x] êngg. caping pring awangun bundêr. II [x]-[x] pc: klêkêr-klêkêr ora sigrak tmr. laku lsp.
(cêkodhok, cêkodhong): tangane di-[x]-ake kn. tangane dikuwungake kaya yèn nyawuk banyu; kc. cêkothong.
cêkoh: ki. watuk.
cêkok: I kn. lêgokan sangisoring kalamênjing sadhuwuring balung dhadha. II (ut. [x]-an) jamu bocah cilik kalêbokake ing cangkêm sarana gombal dipêrês; di-[x]-i: 1 diombèni jamu sarana cêkok; 2 êngg. disirami tmr. pêthetan lsp; 3 (di-[x]-i inding) pc. wong lanang sing wis nurut bae karo sing wadon. III [x]-an kn: mondholaning ikêt.
cêkot: mak [x] pc. katêranganing rasa kaya dicakot; [x]-[x]: krasa kaya dicakot tmr. tatu lsp.
(cêkothèh): di-[x](i) pc: diclonèhi.
(cêkothok): di-[x]-ake kn. dicêkodhongake.

(cêkothong): I di-[x]-ake pc. dicêkodhongake. II êngg. ks: tangan, cakar.
cêkrah-cêkrèh, cêkrah-cêkroh: kn. tansah (padha) watuk.
cêkrak: mak [x] pc. pêpindhaning swara ut. katêranganing rasane dicocog; cumêkrak: krasa mak cêkrak.
cêkrèk: mak [x] pc. katêranganing apa-apa sing njêklèk.
cêkrik: mak [x] pc. katêranganing rasa dicocog ing dom lsp; nyêkrik pc: nyêrikake ati.
cêkrok: mak [x] pc. saèm. cêkrik, cêkrak (luwih kuwat).
cêla: 1 kw. cacad, ceda; 2 êngg. gêla; di-[x] kw: dicacad, diwada.
cêlak: I k. 1 cêdhak; 2 cêndhak. II êngg. kn: sêpi, arang-arang ana wong liwat tmr. dalan. III kn: bubukan arêng lsp. dianggo nyipati pinggring[7] tlapukan murih katon blalak-blakak; di-[x]: diusari (disipati) ing cêlak.
cêlaka: pc. cilaka.
cêlat-cêlut: êngg. ora têtêp (gonta-ganti pikirane).
cêlathu: n. wicantên k. ngandika ki. kandha, gunêman; kc. clathu.
cêlèk: kn. 1 gathèl; 2 êngg. têmbung pamisuh; di-[x]-ake pc: 1 disilakakake tmr. ikut; 2 ks. diêlèkake tmr. mata; kc. pêncêlèk.
cêlêb: I êngg. k. adhêm. II dipun-[x] k: diwêdêl; kc. cêlêp.
cêlêk: êngg. k. cêdhak; kc. cêlak.
cêlêng: êngg. k. irêng [x]-an êngg. k: 1 wêdêlan; 2 nila; 3 cèlèng.
(cêlêp): dipun-[x] k. diwêdêl; [x]-an k: 1 wêdêlan; 2 êngg. nila.
(cêlêr): di-[x] pc. disêlêr.
(cêlêt): di-[x] kn. 1 dijabêl, dicabut tmr. gunêm, kasaguhan lsp; 2 pc. didhaku, dipèk (sing ora kalawan sah); [x]-an: apa-apa sing dicêlêt.
(cêlik): kê-[x] kn. mlèsèd saka pangirane.
(cêlub): di-[x]-(ake) kn. diblêdhêsake ing barang cuwèr; kc. cêlup, clab, club.
(cêluk): [x]-[x] kn. nguwuh-uwuh ngundang; di-[x]: diundang, disêbut jênênge; kê-[x]: 1 karan; 2 misuwur.
cêluluk: kn. alok, ngucap, nguwuh.
(cêlup): di-[x](ake) kn. diblêdhêsake ing barang cuwèr; kc. cêlub, clab, club.
cêlus: kn. 1 bngs. lintah; 2 (ut. cêlul) ks. planangan.
cêlom, cêlong: kn. acum (pucêt) marga mêntas lara lsp.
cêlor: kn. laku jina; nyêlor: 1 alaku jina; 2 njamah; anak [x]-an: anak jadah (bapake ora kawêruhan).
(cêmak): di-[x] êngg. digrayang, dimèk-mèki.
--- 633 ---
cêmani ~ cênela.
cêmani: kn. irêng mulus tmr. ulêsing pitik lsp.
cêmara: I kn. ar. wit sing godhonge pating sluwir. II kn: 1 subal gêlungan sing digawe rambut; 2 kêbut (kêlud) sing digawe bobat.
cêmbuk: êngg. cèlèng gêdhe.
cêmburu: (ut. [x]-an) êngg. butarêpan, mèri.
cêmbring: êngg. sêpi mamring.

cêmèk: êngg. cêmpe.
cêmèmèk: êngg. ks. pawadonan.
cêmèng: kn. anak kucing.
cêmèt: êngg. cèmèt.
cêmêdhing: êngg. pêcêl.
cêmêmêk: pating [x] kn. padha jêmèk arêgêd.
cêmêndhil: kn. inthil wêdhus, tai tikus; kc. têmindhil. cindhil.
cêmêng: k. (êngg. n). irêng; [x]-an: 1 k. irêngan (palêmahan sing ora ditanduri ing sawêtara mangsa); 2 êngg. k. nila; 3 êngg. k. wêdêlan; 4 pc. k. candu, tike; 5 k. wage.
cêmêr: êngg. kn. 1 jênês, jêmbêr; 2 nistha bangêt, ora barès.
cêmêra: êngg. asu.
(cêmêt): di-[x] êngg. kn. digèrèd nganggo tampar (tmr. prau ing susukan lsp).
cêmêthi: kn. têmbung ki. sambuk cêndhak (kanggo nyabêt jaran tunggangan); di-[x], dicêmêthèni: disabêti nganggo cêmêthi.
cêmima-cêmimi: pc. katon mêmêlas tmr. polatan.
cêmimi: pating [x] pc. 1 cêmima-cêmimi; 2 pating clumik (padha gunêman lirih).
cêmimik: êngg. ks. pawadonan.
cêmimingan: êngg. pc. mlaku sêmu kagèt sarta ngati-ati.
cêmindrikan: êngg. kn. climèn.
cêmirik: êngg. kirik.
cêmukiran: kn. corak rêrênggan ing bathikan (ing pinggiring têngahan ut. ing kêmadha).
cêmumak-cêmumuk, cêmumutan: kn. mlaku ing pêtêngan (sêmu grayah-grayah).
cêmung: kn. bngs. bokor.
cêmuru: kw. ak. kidang.
cêmo-e: kn. ar. wedang nganggo sêre sarta ampas.
(cêmok): di-[x] êngg. didêmok, didumuk.
(cêmol): di-[x] êngg. pc. dicêkêl lan ditêkêm banjur ditarik.
cêmpa: êngg. kn. 1 cêndhak tmr. wulu, sikil lsp; 2 (pari [x]) pari sing tanpa wulu (wulune cêndhak).
cêmpad: êngg. kn. panêmu, putusaning panglimbang; di-[x] êngg: diputusi (ditêtêpake) yèn ala, diêmohi, diwada.
cêmpaka: kn. ar. wit kêmbange wangi (bngs. kanthil).
cêmpala: kn. kayu mawa pênthol piranti kanggo ngêpraki wayang.
cêmpaluk: kn. asêm ênom; di-[x]-i: 1 dirêridhoni ut. dipaeka murih murungake sêdyane; 2 diceda, diwaoni.
cêmpe: kn. anak wêdhus.
(cêmpèd): di-[x] êngg. diplèpèd, dijapit.
cêmpelo: mak [x] pc. mak cemplo.
cêmpêdhak: kn. bngs. nangka (nangka cina).
(cêmpêlak, cêmplak): di-[x] êngg. disêntak, diwangsuli songol.
cêmplang: kn. 1 rasa kurang bumbu (uyah lsp) tmr. jangan lsp; 2 kêmba tmr. crita, gunêman lsp.

cêmplang-cêmplung: kn. 1 mung anggêre dicêmplungake; 2 cêblang-cêblung (gunêman tanpa digagas).
cêmple: I êngg. cêmplang. II êngg: cêmpe.
(cêmplêk): nyêmplêk êngg. wêwangunan cilik mblêndhuk; kc. cêmpluk.
(cêmpli): nyêmpli êngg. saèm. njêmbling.
cêmpling: êngg. diyan cilak.
(cêmplu): nyêmplu êngg. saèm. nyêmpluk; kc. cêmpluk, cêmplon.
(cêmpluk): nyêmpluk êngg. cêndhèk lêmu (mblêndhuk).
cêmplung: mak [x] pc. katêranganing nyêblung (lumêbu); nyêmplung: 1 njêgur, nyêblung; 2 pc. lumêbu ing, mlêbu dadi, up. nyêmplung sêrdhadhu; di-[x]-ake: dijêgurake, dilêbokake (sarana ditibakake).
cêmplon: kn. 1 bngs. prau jungkung; 2 êngg. bngs. gênuk cilik; 3 êngg. ar. panganan sing digawe kêtela; kc. cêmplu.
cêmplong: êngg. kn. 1 bolong amba sarta jêro; 2 cumplung (krambil bolong); kc. cêplong.
cêmpulêk: êngg. gênah yèn.
cêmpuling: kn. bngs. tumbak mawa gantholan kanggo misaya iwak.
cêmpuri: êngg. kn. pagêr bata; kc. cêpuri.
cêmpurit: kn. 1 ([x] untu, [x] sungu) atèn-atèning untu (sungu); 2 (sungu) garan wayang; [x]-ên: lêlaranên tmr. têtuwuhan.
cêmpurung: kn. nam-naman pring ut. pênjalin tutup bandhosa.
cêmpol: kn. sêpêt krambil sing nutupi mata (bolonganing siji).
cêmpolèh: êngg. kn. cacading kalakuan; di-[x]-i: disrêngêni, didêlir-dêlirake tindake sing ora bênêr.
cênal-cênil: kn. mêndal tmr. barang sing cilik.
cênanalan, cênanilan, cênanulan: pc. ênjal-ênjalan tmr. pratingkahing wong wadon.
cênanang: pating [x], [x]-an êngg. pc. mlaku matane pêndirangan.
cênanuk: pating [x] pc. padha katon njêngêr marga kagèt lsp.
cêndhak: n. cêlak k. ora dawa, cêkak; di-[x]-i: digawe luwih cêndhak; panyêndhak kn. alang, ambaning palêmahan lsp.
cêndhala: kw. nistha, ala.
cêndhana: kn. ar. kayu ambune wangi.
cêndhani: kn. (pring [x]) bngs. pring cilik-cilik; watu [x]: bngs. marmêr.
cêndhani-raras: br. ambèn (paturon).
cêndhèk: n. andhap k. èndhèk.
cêndhela: kn. jêndhela.
cêndhêk: êngg. cêndhak.
cêndhêng: ks. sanak-sêdulur, brayat.
cêne: êngg. kn. cacad; nyêne: nacad, maoni; kêcênèn: konangan pialane.
cênela: kn. bngs. sêlop ut. sandhal.
--- 634 ---
cênèng ~ cêngkèng.
cênèng: kn. bngs. bokor kanggo takêran bêras (isine ± 1 kati).

cênès: êngg. k. seje; kc. sanès.
(cênêng): di-[x] êngg. dicènèng alon-alonan; kê-[x]: kêcènèng, mulur marga kêtarik.
cênil: pc. apa-apa sing awangun bundêr cilik sarta êmpuk mêndal; [x]-[x], mak [x]: mêndal tmr. barang sing cilik bundêr.
cênining: pating [x], [x]-an pc. gumagus tmr. solah-tingkah.
(cênuk): di-[x]-ake êngg. dicakêtake.
cênunak-cênunuk, cênunukan: kn. mlaku ing pêtêngan muk-mukan.
cênunuk: êngg. kn. bngs. cikar.
cênunut: pating [x], [x]-an êngg. pc. byak-byakan ana ing êndi-êndi (murang tata-krama).
cêncang: pc. cancang.
(cêncêm): di-[x] kn. dikum ing lênga (wisa lsp); lênga [x]-an: lênga diêkumi pandhan lan kêmbang kanggo lêlêngan rambut.
cênthak: I êngg. kn. takêran bêras kang digawe kayu dikrowoki (isine ± 7½ kg). II nyênthak êngg. kn: nglumba, njola tmr. jaran.
(cênthang): nyênthang kn. nyongat mbêngkêluk munggah.
cênthang-cênthèng: kn. cênthe-cênthe.
(cênthe): I [x]-[x] kn. nywara (gunêman) sêru bangêt tmr. wong wadon. II kn: saron cilik.
(cênthèng): [x]-[x] kn. cênthe-centhe.
cênthing: I kn. apa-apa sing awangun dawa nyongat munggah sathithik; jungkat [x]: jungkat nganggo buntutan; nyênthing: nyongat munggah sathithik. II êngg. kn: udhêt.
cênthuka: kw. kodhok; kc. canthoka.
cênthul: ks. 1 palanangan; 2 têmbung pamisuh (nelakake maido).
cênthula: kw. murang tata, kurang ajar.
cênthung: kn. sinom sing ditata pating clêkênthung.
(cênthok): di-[x] êngg. 1 digêpok, didumuk; pc. disêrikake atine sarana didumuk cacade lsp; kê-[x]: nêpsu marga dilarakake atine.
cêng: kn. luthik cilik kanggo nglêbokake candu ing bêdudan.
cêngak-cêngèk: kn. tansah sêsambat (mbêngok sêsambat).
cênganglung: pating [x] pc. padha ndêngangak gulune manglung.
cênganguk: mak [x] kn. patrape wong ngungak banjur bali (marga gêla ut. ora kêtêmu karo sing diparani).
(cêngap): di-[x] kn. disêntak, diujari sêngol.
cêngar-cêngèr: kn. nangis sêru tmr. bayi.
(cêngèh): di-[x]-[x]-ake pc. diketok-ketokake, dicungul-cungulake karêbèn katon; kc. cêngoh.
(cêngèk): [x]-[x] kn. tansah mbêngok sêsambat; dicêcêngèk: pc: ditêtangis, dibêbeda.
(cêngèl): nyêngèl kn. katon cêtha dumunung ingarêp; di-[x]-[x]-ake: diketok-ketokake (dicungul-cungulake) murih katon cêtha.
cêngèr: mak [x] kn. dumadakan nangis sêru tmr. bayi; [x]-[x]: nangis sêru tmr. bayi; kc. cêngar-cêngèr.
cêngèngès: pating [x] kn. padha ngguyu mlêngèh; nyêngèngès: ngguyu mlêngèh.

(cêngès): di-[x] kn. 1 êngg. diisinake (dianggo sêmbranan) sarana dipêpoyoki lsp; 2 diukum diwajibake nyangga kawajibane (caosane) kancane.
cêngêl: kn. griwa ki: iringaning gulu kaprênah ing buri.
cêngêng: kn. 1 (gulune) krasa kaku; 2 kamitênggêngên marga gumun lsp.
cêngêr: êngg. kn. thêngêr-thêngêr.
cênggama, cênggami: êngg. kn. kuwatir, sumêlang; kc. drigama.
cêngge: (C) kn. arak-arakan Cina.
cênggèrèng: kn. ar. panganan bngs. rêmpèyèk.
cênggèrètnong: kn. ar. kewan ibêr-ibêran kang nywara: rèt-nong.
(cêngging): di-[x] êngg. dicêcênggring; di-[x] githoke êngg. pc: dicêkêl githoke.
(cênggir): di-[x]-[x] kn. dicêcênggring.
(cênggring): dicêcênggring kn. tansah disêrikake atine.
cêngil: (ut. [x]-bringkil) êngg. kn. jail bangêt; di-[x](i): dijaili, dipaeka marga kêmèrèn; cêcêngilan: padha dene maeka, jail-jailan.
cêngingak: pating [x] kn. padha cingak.
cêngingas-cêngingis: pc. tansah mringis, (polatan) tansah katon mêmêlas.
cêngis: I êngg. kn. lombok jêmprit. II di-[x] êngg: dicampahi, dicêngès.
cêngkah: kn. 1 duwa-dinuwa adu karosan; 2 prakara loro sing sulaya (ora cocog); di-[x]: 1 diduwa (disodhokake) nganggo tangan loro; 2 diduwa (dipênggak) rêmbuge, karêpe lsp.
cêngkal: I kn. 1 kayu lsp. sing dianggo madal lawang lsp. murih aja tumutup; 2 wilah lsp. sanggan jarit dianggo nalikane têtak; 3 êngg. nggugu karêpe dhewe; nyêngkal: 1 nduwa (nyangga) nganggo cêngkal; 2 pc. kau, wagu tmr. panganggoning têmbung lsp. II kn: ukuran lajuran dawane ± 3,75 m; mantri [x]: punggawa nêgara tukang ngukur; di-[x](i) êngg: diukur (dawa lan jêmbare).
cêngkalak: kn. kayu ut. pring dianggo mbêlok tangan kaêtrapake ing gêgêr; di-[x]: dibanda sarta ditrapi cêngkalak.
cêngkalangan: êngg. kn. kayu blêngkêring rodha.
cêngkang: sa-[x] kn. sadawaning panuding karo jêmpol kabênggang; sa-[x] kulite br: ora pasah ing gêgaman.
cêngkao: (C) êngg. bakul sing ngêdolake barange sudagar gêdhe.
cêngkar: I (ut. cêcêngkar) kn. njênggar, nêba sumêbar. II kn: kurang loh, têgêrak.
cêngkaruk: kn. 1 sêga aking (diêpe); 2 kêmbang jambu.
cêngkèh: kn. 1 ar. wit sarta woh (dianggo bumbon crakèn); 2 ar. kêrtu gêdhe (ana gambare kaya cêngkèh); 3 uliran ing suwêng wujude kaya kêmbang cêngkèh.
cêngkelak: kn. bali (nolèh) rêrikatan.
cêngkèng: kn. 1 swaraning asu ngalup (nêmbang sêru lsp); 2 êngg. pc. bisa.
--- 635 ---
cêngkèrèk ~ cêplas-cêplis.

cêngkèrèk: pating [x] pc. 1 katon kuru-kuru tmr. têtanduran; 2 pating clokèr tmr. tulisan.
(cêngkèwèk): di-[x] kn. digèrèt maju, dicêngkiwing.
(cêngkèwèng): di-[x] êngg. pc. dicêngkiwing, dicêngkèwèk.
(cêngkêlang): di-[x]-ake êngg. disêngkêlitake ing bangkekan.
cêngkêg: êngg. pc. congkog.
(cêngkêlêk): pating [x], [x]-an pc. ngulu sêmu klêlêgên.
cêngkênik: pc. cêkênik.
cêngkênuk: pating [x] pc. pating prênthèl.
(cêngkêrêm): di-[x] kn. digêgêm (dicêkêli) kêncêng nganggo cakar lsp.
cêngkêrung: pating [x] kn. pating jêngkêrut tmr. kulit.
cêngkidhang-cêngkidhing: pc. cêkidhang-cêkidhing.
(cêngkig): di-[x] pc. dipèpèt ing gunêm, dicêkêl.
cêngkiling: kn. sênêng mara-tangan (nabok, ngantêm lsp).
cêngkir: kn. krambil ênom ngarêpake dadi dêgan.
(cêngkiwing): di-[x] kn. 1 digawa panyêkêle mung ing pinggir ut. ing pucuke bae; 2 (di-[x] jênênge) diwancah, dicêkak; [x]-an: wancahan tmr. jênêng.
(cêngklak): kê-[x] kn. 1 kêsliyo gêgêre tmr. bocah cilik sing digendhong; 2 kêcênthok, mutung marga kagol.
(cêngkle): nyêngkle êngg. njênggle.
(cêngklèng): nyêngklèng kn. 1 ora runtut; 2 adoh karo sing dituju tmr. mlaku lsp.
cêngkli: êngg. gêndul cilik (gêndul limun).
(cêngklik): nyêngklik pc. sumèlèh (linggih) mangklik-mangklik.
cêngkling: mak [x] kn. nywara kaya wêsi sing dithuthuk; cumêngkling: nywara cêngkling.
(cêngklung): cêcêngklungên kn. ngarêp-arêp bangêt, ngantu-antu.
(cêngklong): di-[x](i) kn. disuda, dikurangi, dicowok; [x]-an: 1 sudan; 2 cowokan.
cêngkul: êngg. kn. jênggul.
cêngkung: kn. pêpindhan swaraning kêmpul lsp; wis cumêngkung: wis misuwur ênggone micara.
cêngkuwèh: êngg. kn. tangkuwèh.
cêngkuwêk, cêngkuwik: pating [x] kn. akèh lêlêgokane akèh bêngkukane; nyêngkuwêk: nyanthuk bangêt.
cêngkuwêr: nyêngkuwêr kn. nyanthuk (mbêngkêluk) mlungkêr.
cêngkok: êngg. kn. tampangan têmbako.
cêngkolak: kn. kayu diikêt kêncêng kanggo ngrangkêpi cêkêlaning gêndhewa, palanging jaring lsp.
(cêngkolong): di-[x] kn. digolèki lupute (disrekal) sarana pitakon sing sinamun; [x]-an: pitakon lsp. kanggo nyêngkolong.
cêngkong: êngg. 1 cêngkèng, panjêgoging asu; 2 pc. ks. bisa.
cêngkorèk: pating [x] pc. pating clorèk (dlarèh); di-[x]: 1 dikorèk, diokèr; 2 diudhal-udhal cacade.

(cêngkorong): di-[x]-i kn. dipêtha ing sadurunge dadi; [x]-an: 1 raganganing omah lsp. sing isih dadi rancangan; 2 kubêng, blabaraning gambaran; 3 rancangan, pêpêthan minangka rancangan.
cêngkowak, cêngkowèk, cêngkowik, cêngkowok: pating [x] kn. mawa lêgokan (krowokan lsp); cêngkowokan: lêgokan, luwangan.
cêngkrang, cêngkring: mak [x] kn. krasa kaya dicocog.
cêngkring: [x] atine êngg. lara atine.
cênguk: kn. anak kêthèk; nyênguki: umur-umurane bayi lagi wiwit bisa nywara.
cêngunguk: mak [x] êngg. pc. dumadakan têka (linggih).
cêngungus: pating [x] kn. padha cêlom kaya wong karipan.
cêngungong: kn. swaraning mêrak.
(cêngoh): di-[x]-ake pc. dicungul-cungulake karêbèn katon.
(cêngol): di-[x]-[x]-ake pc. dicungul-cungulake.
cêngongah-cêngongoh: pc. tansah ngaton bae.
cêngonglong: mak [x] pc. sanalika manglung (gulune kaajokake).
cêngongok: pating [x] pc. padha ndhangak manglung.
cêngcêngan: êngg. dhuwit manjêr; kc. cancang.
cêp: kn. mênêng sanalika.
cêpak: kn. 1 wis cêdhak karo dununge (wêktune lsp); 2 gampang sarta enggal (kêna lêlara, cilaka, nêpsu lsp); nyêpak: tata-tata (sumadhiya) arêp mêthuk, mangkat lsp; di-[x]-i: disudhiyani; di-[x]-ake: disadhiyakake (supaya gampang dianggo samangsa-mangsa); [x]-an: sudhiyan, cawisan.
cêpaka: kn. cêmpaka.
cêpaplak: pating [x], [x]-an pc. gronjalan, kroncalan.
cêpaplêm, cêpaplo: pating [x] pc. padha mênêng bae (ora mêmangan, ora gunêman).
(cêpèpèh): nyêpèpèh pc. 1 ngrêpèpèh; 2 campah.
cêpèr: êngg. 1 lèpèk, cawan; 2 cèpèr.
cêpèt: êngg. kn. japitan, jêpitan pasangan tikus lsp; di-[x] êngg. pc: 1 dipênêt, diplèpèt, dipipit; 2 dijapit, dijêpit; [x]-an: 1 japitan wiron lsp; 2 plèpètan lênga, pipitan.
cêpethe: [x]-[x] pc. rèmèh, sapele, ora aji.
cêpêdhak: kn. cêmpêdhak.
cêpêl: êngg. kn. ngêmbês ngêmu banyu (sarta dhêmpêl).
(cêpêng): k. cêkêl.
cêpêt: (M) êngg. rikat, enggal.
(cêpit): di-[x] kn. 1 diplèpèt, dijapit; 2 (ut. di-[x]-i) êngg. ditêtaki; kê-[x]: 1 kêplèpèt, kêjêpit; 2 dumunung ing antarane barang loro; 2 êngg. jêpitan pasangan tikus lsp; 3 pc. sapit cilik; kc. jêpèt, cêpèt.
cêpithing: êngg. kn. kêpithing.
cêplas-cêplis, cêplas-cêlpos: kn. trêp bangêt kaya mêsthine.
--- 636 ---
cêple ~ (cêthanthêng).
cêple: êngg. gunêman cara Jawa mawa swara a miring (Banyumas).
cêplèk: êngg. kn. cêblèk, cablèk; di-[x]: dicablèk.

cêplès: I mak [x] kn. katêrangan tumibaning sabêt lsp. II êngg. pc: bêling.
cêplik: I kn. suwêng cilik (peranganing suwêng sing dumunung ing têngah). II êngg: 1 cilik, rèmèh; 2 lombok rawit.
cêpling: mak [x] pc. copot sanalika.
cêplis: mak [x] pc. swaraning panggitês.
cêpluk: sakesuk [x] êngg. sasuwene wayah esuk.
cêplus: mak [x] pc. swaraning apa-apa sing pêcah (dhuku diklêthus lsp); di-[x]: dipangan (dipèjèt) lsp. nganti pêcah tmr. dhuku lsp.
cêplok: kn. 1 bundêran (kêmbangan) grènjèng lsp. kanggo rêrênggan ditèmplèkake; 2 coraking bathikan awangun bundêran ut. kêkêmbangan; 3 (êndhog [x]) êndhog digorèng (mung dipêcah banjur digorèng); di-[x]: digorèng tanpa diublêg tmr. êndhog.
cêplong: kn. bolong amba; cumêplong: 1 bolong amba; 2 lêga atine.
cêplos: mak [x] pc. 1 saèm. cêplus nanging tmr. barang sing rada gêdhe; 2 kandha kalawan têrang; di-[x]-ake: ditêrangake sawantahe (têrang bangêt).
cêpuk: (ut. [x]-an) kn. ar. wadhah wangun mblêndhuk nganggo tutup digawe wadhah têmbako lsp.
cêpuri: kn. 1 pagêr bata mubêng ing pakarangan; 2 êngg. pakarangan, pomahan; 3 êngg. peranganing kluwat sing ngisor kanggo nyèlèhake jisim; 4 kw. lopak-lopak, wadhah kinang; di-[x]: dipagêr bata mubêng.
cêpurung: kn. omah-omahan ing gêgêring gajah ut. prau kanggo palinggihan.
cêpol: êngg. kn. coplok marga ditarik ut. popol; di-[x](i): ditarik nganti cêpol.
cêpon: êngg. bngs. wakul.
cêpot: êngg. pc. copot.
cêprèt: mak [x] pc. mak jêprèt.
cêprol: mak [x] pc. sanalika cêpot (copot).
cêprot: I mak [x] pc. katêranganing lêlandhêp sing tumancêp. II di-[x] pc: 1 dibukak tutupe nganti isine muncrat tmr. gêndul lsp; 2 (ut. di-[x]-ake) ks. dilairake (bayi). III [x]-an kn: wadhah gêmuk mêsin (pit lsp).
cêr: I mak [x] pc. sanalika mancur; kc. kêcêr. II (sêdulur) [x] kn. tunggal bapa biyung.
cêrah: kn. crah.
cêrak: êngg. k. cêdhak.
cêrbak: êngg. kn. apa-apa dipangan (tanpa tampikan); [x]-an: watake arêpan (apa-apa dipangan).
cêrbêk: êngg. kn. cêrbak.
cêrdhik, cêrjik: êngg. nastiti bangêt.
cêre: I kw. tulèn, murni. II êngg: 1 pc. pisah; 2 ar. pari bngs. cêmpa.
(cêrèk): [x]-[x] kn. jêlih-jêlih, bêngok-bêngok.
cêrêk: I kn. corekan cêndhak; di-[x]: dicorèk sathithik. II êngg: cêdhak bangêt.

cêrêt: sa-[x] êngg. pc. sathithik bangêt tmr. banyu lsp.
(cêri): di-[x]-[x] kn. disirik (diêmohi) bangêt; cumêri-cêri: sêngit bangêt; pacêrèn: panggonan kang jênês-jênês (pambuwangan banyu lsp).
cêriyos: k. pc. criyos.
(cêrik): [x]-[x] êngg. kn. cêrèk-cêrèk.
cêrkot: pating [x] pc. krasa cêkot-cêkot.
cêrma: kw. wlulang; kc. carma.
cêrmêdan: kn. pc. gunêman sing saru-saru.
cêrmin: kw. pangilon; kc. carmin.
cêrmumuh: pating [x] pc. katon padha abuh ngêmu nanah.
cêrmomong: pating [x] kn. katon mêngangah.
cêrngèk: pating [x] pc. padha cêngèk-cêngèk.
cêrngèngèhan, cêrngèngèsan, cêrngingisan: pc. tansah nyêngèngès.
cêrngungus: pating [x] pc. katon kuru sarta pucêt tmr. praèn.
cêrung: kn. jêro sarta njulêg tmr. jurang lsp.
cêrcèt: êngg. kn. kacu.
cêrcêb: pating [x] pc. krasa kaya dicublêsi ut. anyêb.
cêrcêlan: pc. uyêl-uyêlan (nglairake anak akèh).
cêrthil: pating [x] pc. krasa kaya dicêthili; kc. cêthil.
cês: mak [x] kn. 1 pêpindhan swaraning gêni kasiram banyu lsp; 2 pc. sanalika krasa anyêp (adhêm); 3 pc. sanalika krasa lêga (ayêm) atine; kc. anyês, nyês.
cêsplêng: pc. 1 mandi bangêt tmr. tamba lsp; 2 nikmat bangêt, enak banget.
cêcaya: kw. ora murni; kc. caya.
cêcak: I kn. ar. kewan bngs. têkèk cilik; [x] nguntal êmpyak pr: duwe panjangka sing ora timbang karo kaanane awake. II kn: 1 cêcêk, titik; 2 ar. sandhangan ing sastra Jawa (...); kc. cêcêk.
cêcêd: kw. ak. cacad.
cêcêk: kn. titik; di-[x]-i: 1 dititiki, ditulisi; 2 dicoblosi cilik-cilik; 3 diusêk-usêkake (tmr. têgêsan lsp); kc. cêcak.
(cêcêl): di-[x]-ake êngg. disêsêlake.
(cêcêp): di-[x] kn. 1 diombe sathithik lambene ditumpangake; 2 br. dicucup, diambung; 3 êngg. dilêbokake ing ati (tmr. ngèlmu, panêmu lsp); kc. cucup.
cêtha: kn. 1 wêca, wêwêcan; 2 têrang bangêt (mungguhing pangrungu lan pandêlêng); di-[x]: 1 dipêsthi, ditêmtokake; 2 dilahirake, ditêrangake; dicêthakake: digênahake, ditêrangake.
cêthak: kn. plêngkunganing cangkêm ing jêro (perangan dhuwur); nyêthak (nyêthêk): 1 krakêt ing cêthak; 2 pait bangêt.
cêthanthang, cêthangthang, nyêthanthang, nyêthangthang: kn. nyênthang bangêt, katon dawa bangêt tmr. sikil lsp.
(cêthanthêng): [x]-an kn. sarwa kadung ênggone arêp tumandang.
--- 637 ---
cêthar-cêthèr ~ cikpèk.
cêthar-cêthèr, cêthar-cêthor: kn. pêpindhan swaraning pêcut lsp.

cêthas-cêthès, cêthèthès: pc. sarwa lancar ênggone gunêman.
(cêthathêl): [x]-[x] pc. kanthi rêkasa ênggone mlaku lsp. (marga kabotan gawan).
cêthèk: êngg. kn. cèthèk.
cêthèn: êngg. kn. cêmêthi, pêcut.
(cêthèt): I nyêthèti kn. gawe swara sarana driji lan jêmpol kapidihake banjur diplèsèdake kanggo ngabani manuk lsp; [x]-an: 1 pc. pejetaning diyan listrik; 2 gêlême muni yèn dicêthèti tmr. manuk; 3 êngg. sinthingan. II êngg. kn: cêthil.
cêthèthèt: kn. manuk sikatan.
cêthetholan: pc. kami sosolên ênggone gunêman.
cêthênthêng: mak [x] pc. sanalika kaku tmr. driji.
cêthêthêk: pating [x] pc. padha mênêng bae marga kadhêmên lsp.
cêthêthêng: pating [x] pc. padha nganthêng ora tumandang.
cêthik: I kn. balung sangisoring bangkekan. II [x] gêni êngg: dadèn gêni; gêni wis mati di-[x]-ake manèh pr: nyungulake prakara sing wis sirêp; kê-[x]: konangan pialane.
cêthil: kn. kêladuk gêmi, suthik wèwèh; di-[x](i): 1 pc. dipêthiki,ididuti; 2 dicopot sarana ditalèni banjur disêndhal tmr. untu; nyêthili pc. ks: edan.
cêthing: kn. wakul wadhah sêga; nyêthingi êngg. pc: mitoni wong mêtêng sapisanan.
cêthithèt: êngg. kn. 1 banyu uyah; 2 ar. panganan (kêtan dibuntêli kaya lêgandha).
(cêthunthung): [x]-an pc. kau, ora rigên.
cêthus: ora [x] ks. ora bisa.
(cêthut): di-[x]-(i) kn. 1 dibubut sarana dibêthot tmr. pari lsp; 2 dijêkluki, dijêthuti; kc. jêthut, uthut.
cêthuthak-cêthuthuk, cêthuthukan: kn. sarwa aras-arasên satandang-tanduke; kc. cêthêthêk.
cêthuthat-cêthuthut: kn. katon njêkutrut polatane; kc. jêthuthut.
cêthuthungan: pc. cêthunthungan.
cêthuthur: pating [x] pc. padha mênêng bae tanpa gunêman tanpa tumandang.
cêthol: mak [x] pc. katêranganing nothol (nucuk).
(cêthot): di-[x] kn. diciwêl kapuntir.
cêwèwèk: I di-[x] êngg. dibênggang cangkême. II êngg. ks: pawadonan.
cêwêni: kn. bngs. lawon, mori.
cêwiwi: êngg. kn. suwiwi.
ci: I êngg. ece, kêthip. II kn: 1/10 tail (3.86 g).
ciblèk: kn. ar. manuk cilik.
(ciblung, cibrung): [x]-an êngg: ciblon.
ciblok: pc. tiba, runtuh.
ciblon: ut. cêciblon kn. gawe lêlagon swara sarana nampèl-nampèl banyu (ing nalikane adus).
cibuk: êngg. kn. cidhuk.

(cibur): [x]-an kn. adus jibar-jubur;ciblungan.
cidra: (S) kn. 1 ora sêtya, ora nuhoni jangji; 2 pangapus, krenah, pitênah; 3 ak. luput, kliru; [x] ing ubaya br: mblenjani jangji; kêna ing [x] br: kêna ing pangapus, diapusi; laku [x] br: nindakake paekan (pangapus); silih [x] br: gênti-gêntèn ngapusi tmr. pêpêrangan; di-[x]: 1 diapusi, dipaeka; 2 dipatèni (sarana laku cidra); dicidrani: 1 ora dituhoni, diblenjani; 2 ditêmpuh kalawan cidra; 3 dipatèni kalawan laku cidra.
cidhal: kn. cedhal.
cidhuk: kn. siwur lsp. sing dianggo njupuk barang cuwèr ut. barang lêmbut; di-[x]: dijupuk (dicawuk) nganggo cidhuk; kc. cedhok.
cig: pc. 1 êngg. ayo rikat; 2 hus ! (nggusah asu).
ciglog: pc. jiglog.
(ciha): [x]-[x] kw. cikrak-cikrak (sêmu sêsumbar) kc. ciya.
cihna: (S) kn. 1 êngg. ciri, tandha, têtêngêr; 2 bukti (barang sing dadi buktining colong jupuk lsp); ka-[x] br: kacêtha, katandha saka.
(ciya): [x]-[x] kn. cikrak-cikrak (kanthi ujar sêsongaran).
(ciyak): I [x]-[x] kn. ciya-ciya. II (C) pc: njupuk (mangan).
(ciyèt, ciyit): [x]-[x] pc. pêpindhan swaraning manuk dicêkêl lsp; mak [x], di-[x] pc: dicêkêl sanalika tmr. maling lsp.
ciyu: (C) kn. bngs. arak.
(ciyum): di-[x] êngg. diambung.
ciyut: kn. 1 ora amba; 2 (jarit [x]) kêmbên, slendhang; 3 kurang jêmbar wawasane.
ciyoko: (C) kn. dina gêdhe bangsa Cina; kc. cioko.
cik: I ut. cikak pc. cig, hus! (nggusah asu). II êngg: cikbèn. III wc: êncik.
cikal: I kn. krambil sing wis thikil, wit krambil cilik. II di-[x]-i(ake) kn: diturahake, ora dirampungake babar pisan (tmr. garapan, pagawean); [x]-an: 1 turahaning krambil sing diparud; 2 tunggakan pagawean (garapan). III [x]-ên êngg: kêjêng tmr. urat ut. anggota.
cikal-bakal: êng. cakal-bakal.
cikar: êngg. kn. 1 grobag; 2 (ut. [x] kasur, [x] pir) bngs. grobag digèrèd ing jaran, rodhane loro gêdhe.
cikasi: êngg. cikbèn.
cikat: kn. cukat.
cikbèk: pc. cikbèn.
cikbèn: n. kajêngipun k. 1 karêbèn, yabèn; 2 amurih, supaya.
cikêr: kn. puthêr tangane.
ciking: (C) kn. lak.
ciklah: êngg. pc. cikbèn.
ciklu, cikluk: êngg. pc. wis wungkuk bangêt tmr. wong tuwa; diciklu pc: disrêmpêng têmênan.
ciklukan: êngg. pc. ciblon.
cikmaraha, cikmasi: êngg. pc. cikbèn.
cikmèk, cikmèn: êngg. pc. cikbèn.
cikne, ciknèk, ciknèn: êngg. pc. cikbèn.

cikngèk, cikngèn: êngg. pc. cikbèn.
cikpèk, cikpèn: êngg. pc. cikbèn.
--- 638 ---
cikrak ~ ciplèk.
cikrak: I kn. ekrak (amben-ambenan) kanggo ngusung uwuh lsp. II [x]-[x] kn: giyak-giyak, lincak-lincak marga bungah.
cikrukan: êngg. pc. ciblon.
cilaka: kn. nandhang sangsara (kojur), ora bêgja; nyilakani: njalari cilaka.
cilakak, cileke, cilekin, cilekik: pc. cilaka (kanggo têmbung sabawa).
cilam-cilum: kn. bola-bali nyilêm (amblês ing banyu).
cili: êngg. cilik.
cili-guthi: êngg. pc. cilik bangêt (rèmèh bangêt).
cilik: n. alit k. 1 ora gêdhe; 2 pc. ora akèh banyune tmr. kali; 3 (sa-[x]) sabribil (½ sèn); 4 dhuwur, ngêlik tmr. swara; 5 ora dhuwur (luhur), asor tmr. pangkat; 6 ([x] atine) jirih, tansah kuwatir; [x] mênthik: cilik bangêt; [x] gandhik: cilik nanging atos (sêmbada); wong [x]: kawula, rakyat; [x] mula: wis wiwit nalika isih cilik; di-[x]-ake: digawe dadi cilik; [x]-an: 1 ora gêdhèn tmr. mantu lsp; 2 (dhèk [x]-an) nalika isih cilik; 3 (dhuwit [x]-an) dhuwit pêcah.
cilim: êngg. cilik; [x]-an: cilikan; kc. climèn.
cilubah, cilukbah: kn. dolanan karo bocah cilik sarana nutupi rai banjur nggêtak.
cilum: mak [x] pc. katêranganing nyilêm ing banyu; kc. cilam-cilum.
ciloh: êngg. blobok.
cilon: êngg. bêbayu.
(cilong): [x]-[x] êngg. kn. kilong-kilong tmr. mata.
cim: êngg. kn. cèp, dhèp.
(cimak): di-[x]-i êngg. dipriksa sarta dibênêrake tmr. tulisan; kc. simak.
(cimik, cimit): [x]-[x] pc. saka sathithik sêmu kurang rahap pamangane.
(cimplêk): di-[x] êngg. dicemplo, dicengklak.
cimpli, cimplik, cimpling: êngg. diyan cilik.
cimpling: I kn. bathok cilik kanggo takêran. II kn: lombok rawit.
cina: I kn. tandha, bukti; kc. cihna. II kn: bangsa Tionghwa; [x] craki pr: gêmi bangêt; [x] diêdoli êdom pr: ênggon wong pintêr diumuki kapintêran; kêlêbon [x] gundhulan pr: kêna ing apus; pa-[x] br: jaman kraman Cina ing Kartasura taun 1741.
cinarita: br. kocap, dicritakake; kc. carita.
cinatur: br. kocap, dicritakake; kc. catur.
cinawi: br. rinêngga ing kêkêmbangan ukiran; kc. cawi.
cindhe: kn. ar. bakal awujud sutra abang kêkêmbangan; êmban [x] êmban siladan pr: pilih sih.
cindhèn: kn. têtironing cindhe.
cindhêk: êngg. pc. cêndhak bangêt.
cindhil: kn. 1 anak tikus; 2 ([x] abang) ks. anak.

cining: êngg. kn. ar. panganan.
cinitra: br. kagambar, katulis; kc. citra.
(cinta): cininta (S) kw. ginagas, diangên-angên, ditrêsnani.
cintaka: (S) kw. 1 panggagas, pangangên-angên; 2 kc. cintraka.
cintantya: kw. ak. ayu, endah.
cintên: êngg. k. 1 cihna; 2 Cina.
cintra: (S) kw. cacad, ceda.
cintraka: kw. cilaka, sangsara, susah.
cintya: kw. ayu, endah.
cincim, cincin: kn. 1 êngg. pc. ali-ali; 2 puthon tutup driji murih aja kêcoblos ing dom.
cincing: kn. disilakake munggah tmr. tapih ut. jarit; [x]-[x] têlês (klêbus) pr: sênadyan wis êmoh-êmoh kêpêksa nindakake (apa-apa kang nganggo mbuwang dhuwit); di-[x]-ake: disilakake munggah.
(cincug): kê-[x]-an pc. pêpincangan.
cinthung: êngg. kn. bngs. kacu tutup rai (krudhuk); di-[x] êngg: dibêbidhung, diapusi nganti gêlêm nindakake apa-apa sing ora dikarêpake.
cing: I pc. cigak, cig! di-[x] êngg. pc: diplêtêr ing gawe. II (C) kn: kilang; kc. cèng.
cingak: kn. mandêng ndêngangak dening gumun bangêt.
cingbing: (C) kn. riyaya bangsa Cina ing wiwitane sasi April (rêrêsik kuburan); kc. cèmbèng.
cingèng: kn. gampang nangise; kc. gêmbèng.
cinging: kn. cingèng.
cingir: kn. 1 irung sarta lambe dhuwur tmr. kewan; 2 ks. cangkêm.
cingkir: êngg. kn. cangkir.
cingklak: I kn. ar. iwak sêgara. II di-[x] pc: dicengklak.
cingkluk: kn. 1 kaananing tangan katangkêbake kaya cathok gawèl tumuli katêkuk, gêgêre tangan ana ing dhuwur (tmr. bocah cilik kanggo nampani yèn diwènèhi); 2 pc. ngêmis.
cingklok: kn. lêkokaning sikil saburining dhêngkul.
cingkup: êngg. kn. kudhup ngarêpake mêgar.
cingkok: êngg. pc. cengkok.
(cingkrak): [x]-[x] pc. cikrak-cikrak.
cingkrang: kn. 1 jigrang, kurang landhung tmr. klambi lsp; 2 kurang, jubêl, cupêt; kê-[x]-an: kêkurangan, nandhang kêmlaratan.
cingkrêng: êngg. bengkong tangane.
cingkrik: mak [x] kn. sanalika munggah banjur mencok (ngadêg).
cingkrong: êngg. bngs. arit; kc. cengkrong.
cingcinggoling: kn. manuk sikatan.
cingcong: main [x] pc. grênêngan, grundêlan.
cioko: (C) kn. riyaya Cina ing sasi Agustus (slamêtan ana ing klênthèng).
(cip): di-[x]-i pc. diicipi.
cipir: pc. kêcipir.
ciplèk: êngg. pc. jiblès, plêk.

(ciplês) ~ (clèncèng).
(ciplês): di-[x] êngg. pc. dicêplis, dipithês.
cipling: êngg. sathithik bangêt.
(cipluk): [x]-[x] êngg. pc. lêmu ginuk-ginuk.
ciplos: ks. mata.
cipo: êngg. rabuk.
cipowah: (C) kn. kêthekan kangge ngetung-etung.
(ciprat): nyiprat kn. mlêtik sumirat tmr. banyu lsp; di-[x]-i: diplêtiki ing banyu lsp.
cipta: kn. 1 gagasan, pangangên-angên, gambaran ing sajroning angên-angên; 2 pangarêp-arêp, pêpenginan ing sajroning ati; di-[x]: 1 digagas, digambar-gambar ing sajroning angên-angên; 2 dianakake sarana dayaning pangangên-angên; sa-[x]-ne dadi br: apa sing ginagas mêsthi kêlakon.
cipta-ripta: kw. cipta.
cirak: I kn. ar. dolanan bocah nganggo kêcik, kêmiri lsp. II [x]-[x] êngg: cikrak-cikrak.
cirat-cirit: kn. diwêtokake lsp. saka sathithik.
ciri: I kn. 1 êngg. têtêngêr, titikan; 2 ut. cirèn(-an) êngg. layang kitir pinangka pratandha; 3 cacading badan sing dadi panêngêran; 4 cacading badan; [x] wanci lêlai ginawa mati pr: cacad sarta padatan ala ora bisa ilang nganti têkan mati; dicirèni: 1 ditulisi minangka têngêr; 3 dicathêt pialane (dititèni pialane); kêcirèn: wis olèh ciri ala. II êngg: bngs. piring sing sok dianggo nyambêl.
cirit: kw. têlèk; kê-[x] kn: ngêtokake sêsukêr sathithik ora kêjarag.
ciruk: êngg. kn. cidhuk.
cis: I kn. tumbak cêndhak lêlandhêpe awangun gantholan (kanggo ngêrèh gajah); di-[x]: dicocog ing cis. II pc: sabawaning ngêmohi ut. ngrèmèhake. III [x]-[x]-an pc: tansah omong criwis tmr. bocah.
cit: I pc. pêpindhan swaraning tikus lsp. II êngg: cita.
cita: I (ut. citah) êngg. kn. sêmbagi kêkêmbangan. II (S) kw: cipta.
citnonong: kn. cênggèrètnong.
citra: (S) kw. 1 tulisan, gambaran, pêpêthan; 2 wangun, wujud; di-[x]: ditulis, dikarang, dipêtha, diwangun; juru [x]: juru tulis; panitra: 1 juru ngarang; 2 tukang mèngêti.
citrakara: (S) kw. juru sungging (gambar).
citraleka: (S) kw. gambaran.
citra-mêngêng: kn. ar. têmbang gêdhe.
cicig, cicik, cicing: êngg. cig! (nggusah asu).
cicih: êngg. kn. palu cilik.
cicik: kn. ora ludhuk (tadhahe sathithik).
(cicil): di-[x] kn. 1 ditandangi (digarap) saka sathithik; 2 disauri saka sathithik; [x]-an: 1 utang panyaure sarana nicil; 2 dhuwit sing dianggo nicil.
(cicip): [x]-[x] êngg. kn. icip-icip; di-[x]-i êngg: diicipi.

cicir: êngg. kn. 1 ana sing ilang (tmr. pêperanganing barang) njalari ora ganêp; 2 ar. mêmêdi.
cicut: êngg. kn. cithut.
(cicrik): di-[x] êngg. ditliti saka siji.
(cithak): I di-[x] kn. 1 dirimbag, diwangun sarana pêsaton, up. mimis di-[x]: 2 digawe tmr. bata, gêndhèng lsp; 3 êngg. digawe, diwangun tmr. sawah, babadan lsp; 5[8] êngg. dicap tmr. buku lsp; [x]-an: 1 pêsaton, rimbagan, piranti kanggo nyithak; 2 apa-apa sing dicithak; 3 êngg. sawah gaweane dhewe. II kn: balung ing saantarane mata tmr. jaran.
cithing-cithing: kn. nyêkêl (nggawa) apa-apa mung dicêngkiwing.
cithut: kn. suthup bangêt tmr. mata.
citho: ks. picak.
ciwèk: (-gambrèng) êngg. kn. cingèng (gampang nangise).
(ciwêl): di-[x] kn. dicêthot (ing pupu).
ciwik: êngg. kn. lèpèk, cawan.
(ciwing): di-[x] êngg. dijèwèr; kc. cèwèng, cêngkiwing.
clab-club: pc. 1 katêranganing apa-apa sing dicêlupake bola-bali; 2 gunêman mung waton muni (ora dipikir).
clala-clili: kn. (kaananing wong) kawirangan marga kliru patrape; kc. clila-clili, clula-clulu.
clamit: êngg. kumêcêr, kêpengin bangêt.
clana: kn. kathok dawa; [x] panji-panji (panjèn-panjèn) êngg: kathok cêndhak têkan ing dhêngkul, ing dhêngkul nganggo bênik.
(clandhak): [x]-[x], [x]-an êngg. pc. lancang, tansah cêk-cêkan nyandhak; kc. candhak.
clangap: kn. bolongan (cangkêman) amba tmr. susukan, guwa lsp; nylingap: mênga amba; [x]-an pc: tansah mangap (kumudu-kudu mêmangan).
(clangkrak): [x]-an pc. linggih ing papan sing dudu mêsthine (murang tata); nylangkrak: nylingkrik munggah.
clangur: pating [x] pc. padha ngadêg sarta mênêng bae; kc. jangur.
clang-clong: pc. jlang-jlong, molah-malih, gonta-ganti.
clap: pc. plas! (lunga lsp. rêrikatan); kc. kêclap.
(clapèt): [x]-an pc. glabetan ilate.
claprèt: pating [x] pc. rêgêd gubras (ing cangkême).
clarat: êngg. kn. klarap, clèrèt gombèl; [x]-an êngg: bngs. entrok.
clarik, claring: pating [x] kn. rêgêd kêbak corekan (corengan).
clacap: êngg. kn. tlacap.
clèkèr, clekor: pating [x] pc. pating cluwok (bêsasik) kaya tilas dicèkèri pitik.
(clèlèk): clelak-clèlèk, pating [x] pc: padha mandêng mêndongong (marga gumun ut. kagèt).
clèmèt ane: (ut. cilèmèt ane) êngg. pc: wah cilaka!
(clèntrèng): sa-[x]-an pc. salarikan, salèntrèngan (sathithik); mung sa-[x]-an pc: 1 mung sathithik; 2 mung sadhela bangêt.
(clèncèng): [x]-an êngg. pc. mèncèng saka ênêre.

clènthing ~ climèn.
clènthing ane: (ut. cilenthing ane) êngg. pc. wah cilaka!
(clenthot): [x]-an êngg. pc. gunêman clewa-clewo (ut. crêmêdan); kê-[x]: kliru têmbunge.
clèng: mak [x] pc. mak jlèng.
clèngkrèk: mak [x] pc. dumadakan linggih (mencok) ing dhuwur.
clèprèt: pating [x] pc. padha rêgêd gupak apa-apa (tmr. cangkêm lsp).
clèrèt: kn. lakuning sorot sing banter, up. [x]-ing kilat; sa-[x]-an: sagêbyaran, sadhela bangêt.
clèrèt gombèl: kn. klarap.
clèrèt taun: kn. lesus bêbarêngan karo udan (mêndhung).
clerong: pating [x] kn. rêgêd cerong-cerong; di-[x]-i: diclonèhi; kc. cerong, corèng.
clècèk: pating [x] êngg. pating tlècèk.
clethong: êngg. kn. tlethong.
(clèwèh): nylèwèh êngg. pc. lêgok dawa; [x]-an: lêgokan dawa (kaya kalenan cilik).
(clèwèk): [x]-an kn. lêgokan dawa, cluwokan dawa.
(clèwèr): I [x]-an kn. lêgokan dawa, clèwèkan. II [x]-an pc: pating slêbar.
(clewo): pating [x], clewa-clewo kn. gunêman tanpa têgês (kaya bocah cilik).
clêbang-clêbung: pc. gunêman clêmongan.
clêbèk: sa-[x] êngg. sakothak (tmr. sawah).
clêbêk: êngg. kn. 1 bubuk kopi; 2 (wedang [x]) wedang bubuk kopi.
clêdhik: êngg. pc. satiti bangêt.
clêg, clêk: mak [x] pc. mak jlêg.
clêgug: mak [x] pc. katêranganing ngulu banyu; clêgak-clêguk, [x]-an: 1 tansah ngêlêg idu; 2 kêpengin bangêt.
clêkanthuk: pating [x] pc. padha nyanthuk ing pucuke; kc. cêkanthuk.
clêkathakan: pc. lapak kayu; kc. cêkathakan.
(clêkathêm): di-[x] pc. diingkêmi.
(clêkathuk): cangkême [x]-ên pc. cangkême nruthuk marga adhêm lsp.
(clêkenthong): di-[x]-ake pc. dipenthongake, ditêkuk sarta diputêr mbalik.
clêkêdhok: pating [x] êngg. padha lêgok-lêgok, pating jluwog; kc. cêkêdhung.
clêkênik: pating [x] pc. pating cêkênik
clêkênthung: pating [x] pc. padha mawa têtêkukan, pating cêkênthung; kc. cêkênthung, cênthung.
clêkêthut: pating [x] pc. pating jêkêthut.
clêkik: ut. clêkak-clêkik pc. sêgunên lan cêkikên.
clêkit: mak [x] pc. krasa kaya dijiwit lsp; nylêkit: nyêrikake ati tmr. gunêm; kc. cêkit.
clêkut: mak [x] pc. krasa kaya dicakot tmr. wêtêng lsp.
(clêkuthak): di-[x] kn. disampluk janggute (tênggoke).

clêkuthik: I pating [x], [x]-an: 1 mawa sêsinggêtan akèh; 2 kakehan gagasan (pikiran); kc. cêkuthik. II [x]-an kn. lêkokan sadhuwuring tracak jaran.
(clêkuthis): [x]-[x], nylêkuthis pc. katon kuru apucêt tmr. rai.
clêkrah-clêkrèh, clêkrah-clêkroh: pc. tansah watuk; kc. cêkrah-cêkrèh, cêkrah-cêkroh.
clêlang-clêlêng: kn. 1 antêng ora gunêman, lunga tanpa gunêman apa-apa; 2 matane mulat ngiwa nêngên; kc. clêlêng.
clêlar-clêlêr: pc. njupuk apa-apa tanpa nêmbung.
clêlêng: I kn. 1 antêng mênêng bae (ora gêlêm gunêman); 2 dikapak-kapakake ora gêlêm kalah. II [x]-an pc: matane mulat ngiwa nêngên.
clêmbring: pating [x] êngg. pc. padha lunga kabèh.
(clêmèk): [x]-an êngg. pc. mek-mekan, grayahan.
clêmêdan: êngg. pc. crêmêdan.
clêmêr: kn. culika, dhêmên nyênyolong; kc. cêmêr.
clêmik: pating [x], [x]-an kn. padha gunêman lirih; kc. clumik.
clêmut: mak [x] pc. katêranganing njupuk ut. nyolong; di-[x]: dijupuk tanpa têmbung, dicolong.
(clêmong): clêmang-clêmong, [x]-an kn. gunêman tanpa têgês.
clêmpung: kn. crêmpung (ar. rêricikaning gamêlan).
clêng: mak [x], [x]-[x] kn. rasaning êndhas kaya yèn pinuju ngêlu bangêt.
clêngêp: mak [x] kn. ditukup dadakan saka ing pêtêngan (pandhêlikan); di-[x] pc: ditukup, digropyok dadakan; [x]-an pc: sidhêman, winadi.
clêngkêr: pating [x] pc. padha têtêkukan.
clêngkrang, clêngkring: pating [x] pc. krasa kaya dicocoki tmr. gudhig, lara wêtêng lsp; kc. cêngkrang.
clêngor: pating [x] pc. padha thêngêr-thêngêr ora tumandang; kc. thêngor.
clêp: mak [x] pc. tumancêb ing; di-[x]-ake êngg. pc: ditancêbake, dicublêsake; kc. kaclêp.
clêpuk: kn. ar. manuk bngs. manuk guwêg.
clêput: kn. katêrangane njupuk rêrikatan; kc. clêmut.
clêrèng: êngg. kn. bêning bangêt.
clêrêng: pating [x] kn. padha mêncêrêng matane.
clêrêt: mak [x] pc. sanalika mblêrêt.
clêrik, clêring: pating [x] kn. padha nywara sêru larase cilik.
clês: pc. cês.
cliyusan: êngg.pc. plingkuran, isin; kc. clingus.
clikrak: pating [x] pc. padha cikrak-cikrak.
(clilêng): clilang-clilêng pc. nggêgolèki mulat ngiwa nêngên.
clili: I êngg. kn. pasangan gêmak. II clila-clili, pating [x] kn: (kaanane wong) kêwirangan; diclilèni, diclilèkake pc: diwirangake, dibukak wadine.
(cliling): [x]-an pc. cêniningan, ndêlêng ingêndi-êndi.
climèn: ut. [x]-an kn. 1 sêsidhêman, mênêng-mênêngan [mê...]

[...nêng-mênêngan] tanpa wara-wara; 2 rêringkêsan (cilik-cilikan) tmr. duwe gawe.
climit ~ cuk-dhandhang.
climit: êngg. kn. kêpengin bangêt; kc. clamit.
climut: I kn. culika, dhêmên nyênyolong. II êngg. kn: slimut (dhèg).
climprit: kw. bngs. pasêr.
(clinthis): [x]-an êngg. kn. kurang ajar.
(clinthut): [x]-an pc. slinthutan.
cling: pc. cring (swaraning dhuwit dithinthing); di-[x]-[x] pc: dithinthing-thinthing tmr. dhuwit.
clingkêr: mak [x] kn. dumadakan mingêr ut. menggok arêp ndhêlik.
clingkrik: mak [x] kn. munggah (mencok) ing dhuwur rêrikatan; nylingkrik: munggah mencok; clingkrak-clingkrik pc: tansah munggah pangkate.
clinguk: pating [x], clingak-clinguk kn. ngingêtake mrana-mrana, thingak-thinguk.
clingus: I kn. rambut ing irung. II kn: ora wani patêmon, isinan; [x]-an: plingkuran, klicutan (kêwirangan).
club: mak [x] pc. katêrangane ngêclubake; kc. cêlub.
clulu: mak [x] pc. dumadakan têkan ing (marga kêsasar ut. kliru); clula-clulu: kêsasar mrana-mrana, clila-clili.
cluluk: pc. kandha, ngandhakake nuduhake dununge; kc. cêluk.
clumêd: pating [x] pc. pating clumik.
clumik: kn. obahing lambe (gunêman); pating [x], clumak-clumik: padha gunêman lirih.
clumpring: kn. lêmbaran sing nlakup ing ros tmr. pring lsp.
(clunas): [x]-an kn. clunthangan.
(clunthang): [x]-an kn. ugal-ugalan, kurang ajar.
clungup: pating [x] kn. padha katon mênga amba; kc. clongop.
clup: mak [x] kn. katêranganing apa-apa sing diclup.
clupak: kn. jlupak.
cluring: I êngg. kn. dhuku, langsêb. II kn: bngs. saron cilik.
clurut: kn. bngs. tikus ambune langu; [x]-an pc: tansah lunga (wira-wiri).
cluthak: I kn. nggragas, ngglathak tmr. asu. II kn: congklang tmr. lêngênan.
cluwêd: êngg. kn. idêr-idêr mrana-mrana.
(cluwêk): di-[x] êngg. pc. dicuwêg.
(cluwik): [x]-an kn. lêgokan cilik; kc. cuwik.
(cluwok): [x]-an kn. lêgokan gêdhe.
clobekan: êngg. kn. cluwokan.
(clolo): clola-clolo kn. clula-clulu; kc. clulu.
clomor: êngg. pc. clêmêr.
clomot ane: (ut. cilomot ane) pc: cilaka !
clonas: êngg. blantik (raja-kaya).
clonèh: pating [x] kn. rêgêd pating clorèng; di-[x]-i: diclèrèngi.

clonèng: pating [x] êngg. pc. pating bêsasik campur dadi siji.
clonèt: pating [x] êngg. pc. padha gunêman bêngak-bêngok (tanpa têgês).
(cloncong): [x]-an êngg. tloncongan.
(clonthang): [x]-an êngg. clunthangan.
(clongop): [x]-an êngg. pc. 1 tansah mangap, tansah angop; 2 kumudu kudu mêmangan.
clong-clongan: kn. mlaku rikat amba jangkahe.
clop: mak [x]: mak clup.
clor: kc. cêlor.
clorang-clarèng: kn. pating clorèng.
clorèk, clorèt: pating [x] kn. rêgêd kêbak corekan; kc. corèk.
clorèng: pating [x] kn. rêgêd kêbak corengan (garis-garis lsp); di-[x]-i: diclonèhi; kc. corèng.
clorot: I kn. lakuning sorot sing bantêr; pating [x]: pating glêbyar sumorot; cumlorot: gumêbyar sumorot. II kn: ar. panganan kaya jênang dibuntêl janur.
(clowok): [x]-an kn. cluwokan, lêgokan.
cu: I sa-[x] kn. ukuran sadawaning tangan nggêgêm jêmpole dicongatake. II kn: ar. dolanan bngs. raton nanging nganggo gêlutan.
cubak: kn. kurup, sumbut, trêp karo wêtuning dhuwit; ora [x]: tuna, kapitunan.
cuban: êngg. kn. dom jala; kc. coba.
cublak: I kn. gêbyas ut. cupu cilik wadhah wêwangi lsp. II di-[x] (dicublêk pc) kn: dikêruk sarta dicuthik (dicukil) nganggo lading lsp; kc. cuplak; [x]-[x] suwêng kn: ar. dolanan.
(cublêk): di-[x] pc. dicublak.
(cublês): di-[x] kn. dicocog, dicoblos.
(cublik): di-[x] kn. 1 dicukil; 2 pc. dicacar sarana dicuthat (ora digarit); 3 dicuplik, dipêthik saka ing layang, karangan lsp); [x]-an: cuplikan, pêthikan.
cubluk: I êngg. 1 luwangan pasangan kewan; 2 kunjara. II pc: bodho, busuk.
cublok: êngg. tiba; kc. cêblok.
cubung: I kn. pc. ar. têtuwuhan wohe mêndêmi; di-[x]: 1 diêndêmi ing cubung; 2 pc. diblithuk, diapusi; kc. kêcubung. II cangkir [x] (cubuk êngg) kn: cangkir cilik.
cubrik: êngg. jêmèk, jêblog.
cudaka: kw. utusan, kongkonan, têlik; kc. cundaka.
(cudhing): di-[x](i) êngg. ditudingi.
cugag: êngg. kn. pêdhot ora ana sambungane, jugag, cuthêl; di-[x]: dijugag, dipêdhot.
cugar: êngg. jugar (wurung).
(cugêt): [x]-an atèn m. (-manah k): gampang nêpsune, mutungan.
cuh: pc. pêpindhan swaraning wong idu; [x] nya kadhasmu! ks: lungaa! (nelakake wis ora sudi bangêt).
cuk: êngg. thole !

cukak: pc. cokak.
cukakak: pating [x], [x]-an kn. padha gumuyu sêru; kc. cêkakak.
cukat: I kn. trênggina, sarwa rikat tandang-tanduke. II di-[x] kw: diculik.
cuk-dhandhang: pc. cucuk-dhandhang.
--- 642 ---
cuke ~ cumlês.
cuke, cuki: êngg. pajêg, beya.
cukèh: wis [x] êngg. wis rampung (wis ora rêmbugan manèh).
cukèn: kasur [x] kn. kasur sing dicuki; kc. cuki.
cukêng: kn. ngukuhi panêmune dhewe, kukuh êmoh mènèhake; di-[x]-i: dikukuhi (ora gêlêm mènèhake).
cuki: I kn. ar. dolanan bngs. dham-dhaman. II êngg: pajêg; kc. cuke. III di-[x] kn: didomi dijithêt-jithêt banjur diisèni kapuk (tmr. kasur lsp).
cukil: I kn. apa-apa sing dianggo nyuthik lan nyongkèl apa-apa sing krakêt; di-[x]: 1 diwêtokake (dicuthik, diklèthèk) nganggo cukil, up. krambile di-[x]; 2 dilong sathithik tmr. pakarangan, sawah lsp; 3 dipêthik, dicuplik tmr. karangan lsp. II êngg. kn: 1 turun-turune wong sing cakal-bakal ing sawijining desa ut. dhukuh; 2 padatan, barang darbe lsp. sing wis turun-tumurun saka wong sing cakal-bakal; pa-[x]-an br: dhukuh, padunungan; ma-[x]-an br: dhêdhukuh. III êngg: bngs. siwur sing digawe bumbung.
cuki-mai: ks. têmbung pamisuh.
cukit: kn. 1 iratan pring (kayu) digilig kaya sada kanggo ngulêt tike (kèhe têlu); 2 luthik dianggo prabot mangan tmr. Cina ut. Jêpang (kèhe loro); 3 êngg. pc. porok, garpu; di-[x]: 1 diulêt nganggo cukit, dicuthik; 2 êngg. dicukil.
cukit-dulit: kn. 1 (wong adol trasi) wong asor, nistha; 2 pc. wong dadi rowanging maling.
(cuklak): [x]-an êngg. kn. lêgokaning tanduran, tanjan.
cukul: kw. thukul, tuwuh; cêcukulan: têtuwuhan, tanêm tuwuh.
cukup: n. cêkap k. 1 sêdhêng, ora kurang; 2 (ut. [x]-an) sêdhêngan, ora kurang ora luwih; 3 (ut. wong [x]) ora kêkurangan, sugih; di-[x]: disampêti kabutuhane; di-[x]-ake: diganêpake, diwuwuhi nganti bisa cukup, disampêtake; kê-[x]-an: ora kêkurangan, rada sugih.
cukur: kn. paras ki. rêrêsik rambut nganggo lading; di-[x]: 1 dirêsiki rambute nganggo lading; 2 pc. diapusi, diakali nganti êntek-êntekan, diwirangake bangêt.
cul: I êngg. 1 katêranganing akon nguculake; 2 ayo !; di-[x]-ake: diuwalake saka ing tangan, dilêpas, dirilakake; kc. ucul. II êngg: thole.
cula: kn. sungu warak (sing thukul ing irung).
(culat): [x]-[x] kn. colot-colot; kc. manculat, panculat.
cula-culu: kn. clula-clulu.
(culêk): di-[x] kn. didulêg matane.
culêng: I kn. maling (kèhe 5 ut. 6). II nyulêng kn. lêgok nanging mêndêlik tmr. mata. III di-[x] êngg: dicuthiki lan dianggo ngulêd tike (tmr. klèlèt ing bêdudan).

culês: êngg. rampung.
culik: I kn. manuk kolik (tu-u wadon). II di-[x] kn: 1 dicidhuk sathithik arêp nyumurupi matêng lan orane; 2 dicoba, didadar, dijajagi kawruhe. III (ut. [x]-an) dhêmit sing nyoploki mata kanggo tumbal.
culika: kn. 1 wong clêmêr, dhêmên ngapusi; 2 clêmêr, watake dhêmên apus-apus; diculikani: dicolong.
(culuh): anyuluh kw. ngrêrêmih, ngrungrum.
cuma: (h) êngg. mung.
cumadhang: br. sumadhiya, cumêpak ing dhawuh; kc. cadhang.
cumadhong: br. sadhiya nampani (nindakake); up. cumadhong dhawuh; kc. cadhong.
cumah-cumah: êngg. ora ana gunane yèn ..., tanpa guna.
cumanthaka: kw. kumêndêl, ambêk wani.
cumangkah-cangkah: br. nduwa, nyêngkah, nolak.
cumawang: br. awangun cawangan; kc. cawang.
cumbana: kw. ulah rêsmi.
cumbu: I kn. 1 wis tutut (lulut) bangêt tmr. kewan (anggêr lunga mêsthi bali manèh); 2 pc. kêrêp mara; dicêcumbu: dilêlantih murih cumbu. II kw: lucu, lêlucon.
cumèblêk: kn. tumancêb ing lêmah; kc. cèblêk.
cumègêr: êngg. wis tumancêb; kc. cègêr.
cumèndhol-cèndhol: kn. manuk sing mêntas nêtês.
cumènthèl: êngg. pc. cumanthèl; kc. canthèl.
cumèplês: kn. trêp bangêt; kc. cèplês.
cumêkrak, cumêkrik: kn. krasa mak cêkrak (cêkrik).
cumêngkirang: kn. cêmukiran (ar. coraking bathikan).
cumêngkling: kn. nywara kaya swaraning dhuwit dithinthing; kc. cêngkling.
cumêngklung, cumêngkung: kn. nywara anggrung tmr. gamêlan.
cumêngkrang: kn. sumêngkrang (krasa kaya dicocogi).
cumêpak: kn. wis sumadhiya, cêpak-cêpak; kc. cêpak.
cumêplong: kn. 1 wis bolong; 2 ([x] atine) lêga atine.
cumêplos: kn. 1 pêcah mak cêplos; 2 gunêman kalayan têrang-têrangan.
cumêprot: kn. 1 nywara mak cêprot; 2 tumancêb ing; kc. cêprot.
cumêri-cêri: kn. sêngit bangêt, ora sudi bangêt; kc. cêri.
cumi: ut. [x]-[x], cuming êngg. 1 ming, mung; 2 ora aji, ora ana gunane; kc. cuma, cumah.
cumi-cumi: kn. ar. kewan sêgara bngs. srotong.
cumlèrèt: kn. sumorot rikat; kc. clèrèt.
cumlêgug: kn. 1 ngombe nganti nywara clêguk-clêguk; 2 kêpengin bangêt, kumêcêr; kc. clêguk.
cumlêkit: kn. krasa kaya dijiwit; kc. clêkit.
cumlêng: kn. 1 ([x] êndhase) krasa ngêlu bangêt; 2 ([x] kupinge) krasa kaya budhêg marga krungu swara sing sêru lsp.
cumlêring: kn. nywara sêru larase cilik; kc. clêring.
cumlês: kn. 1 krasa anyêp bangêt; 2 pc. krasa lêgi bangêt; kc. clês.

cumlorot ~ (curêng).
cumlorot: kn. lumarap bantêr bangêt (kaya lakuning sorot); kc. clorot.
cumundhuk: kw. kêna ing, ngênani, tumuju; kc. cundhuk.
cumur: br. cêmêr.
(cumut): [x]-[x] kn. katon rêgêd njênêsi.
cumpèn: kn. mung sadhiya sathithik (sacukupe bae); kc. cumpi.
(cumpêt): di-[x] pc. 1 ditutup rapêt bangêt; 2 disumpêt.
(cumpi): di-[x] kn. disadhiyani ing sacukupe bae (ora kêna luwih).
cumplêng: êngg. kn. 1 growongan, bolongan sing ora butul; 2 guthêkan (singgêtan) omah sing jèjèr-jèjèr (tmr. omah sing cilik-cilik); pa-[x]: ar. pajêg ing jaman biyèn awujud lawe karo dhuwit.
cumpu: êngg. kn. 1 trêp bangêt, bisa cocog; 2 cukup, marêm, kalêksanan; di-[x], dicumponi: disadhiyani nganti cukup, dilêksanani pangarêp-arêpe; kêcumpon: kêcukupan, kêturutan, kalêksanan.
cundaka: kw. utusan, kongkonan, têlik; cinundaka: 1 diutus; 2 ditêlik.
cundrik: kn. bngs. golok cilik.
cundha: kw. pucuk, nyamat, kucir.
cundhamani: (S) kw. ar. panah gêni (gêgamane Aswatama).
(cundhang): kê-[x] kw. kalah.
cundhit: kn. ar. piranti kanggo misaya iwak bngs. sèsèr.
cundhuk: I kn. sangsangan ki. 1 rêrênggan (kêmbang lsp) disindikake ing rambut (ikêt lsp); 2 (a-[x]) nganggo cundhuk; di-[x]-i: dirêngga nganggo cundhuk. II kn: 1 br. gathuk, kêtêmu; 2 êngg. cocog, salaras tmr. panêmu, gagasan lsp; di-[x]-ake: 1 digathukake, dipadhakake karo; 2 dicocogake; durung [x] acandhak pr: durung mangrêti wis mèlu ngudhoni rêmbug.
cundhuk laris: kn. sudaning rêrêganing barang (amrih akèh sing tuku).
cundhuk mêntul: kn. cundhuk awujud têtironing kêmbang yèn dicundhukake mêntul-mêntul.
cuneya, cuniya: êngg. kn. bngs. prau cilik.
cunthang: êngg. kn. ar. wadhah dianggo takêran bêras (± 5 kati).
cunthêl: êngg. wis êntèk tmr. crita; kc. cuthêl.
(cunthêng): matane di-[x]-ake êngg. matane diplerokake sêmu mêncêrêng.
cung: I êngg. thole. II di-[x]-i pc: diacungi; kc. acung.
cungap: êngg. kn. nggragas, nggranyah.
cungih: êngg. kn. ringkih tmr. badan.
cungir: kn. congoring cèlèng ut. babi; cungar-cungir, [x]-[x]: 1 lambene lan irunge dijêdhirake kaya ngambus-ngambus tmr. kewan; 2 pc. irunge dijêdhirake marga mambu sing ora enak, ora sênêng lsp.
cungkag: kw. ak. jugag, cugag.
(cungkil): di-[x] êngg. dicukil.
cungkir: êngg. kn. bngs. sorok.

cungkub: kn. omah ing kuburan (eyub-eyubing pêndhêman); di-[x]: diêdêgi cungkup tmr. kuburan; nyungkub kramat bêjat pr: mbêbêcik apa-apa sing wis ora kêna didandani.
cungkup: êngg. kuncup.
cungkrik: êngg. kn. cucuking prau.
cungul: mak [x] kn. sanalika njêdhul; nyungul: mêtu, ngaton; di-[x]-ake: 1 diwêtokake nganti njêdhul; 2 pc. dikatonake, dikon ngrêmbug manèh (tmr. prakara sing wis kasilêp).
cungur: êngg. congor.
cup: ut. [x]-êmbil pc. cèp, dhèp: katêranganing nyêkêl, ngêpèk dhisik lsp; di-[x]-i pc: 1 dicêkêl, didhaku; 2 dikandhani tmr. lêlakon sing bakal kêlakon; kc. êncup, êcup.
cupak: I kn. pêntholing bêdutan; di-[x] êngg: ditabok êndhase. II [x]-an êngg. kn: 1 bumbunganing gêndèr guthêkan sing dhuwur; 2 têtandhinganing larasing wilahan gêndèr karo bumbungan. III di-[x] êngg. pc: diirit-irit.
cupar: kn. 1 ora andêlan marang sing wadon tmr. lêbu wêtuning dhuwit lsp; 2 êngg. butarêpan tmr. wong lanang marang sing wadon.
cupêt: kn. 1 kurang dawa, kurang saka mêsthine (trêpe); 2 ora têkan kang dituju; [x] budine: ora bisa nggayuh prakara sing luhur-luhur; [x] pangandêl: ora pracaya; [x] lêlakone: lêlakone sigêg (turune ora ana sing bisa mbanjurake lêlakone bapakne); di-[x]: disigêg, dicugag; kê-[x]-an: kêkurangan kêntekan.
cuplak: I kn. lêlara kulit awujud njêndhol atos; [x] andhêng-andhêng yèn ora prênah panggonane ... pr: wong sing njalari ala (sanak sêdulur sing ala) prayoga disingkirake. II di-[x] pc: dicukil tmr. mata; [x] pusêr êngg: puput pusêr; kc. coplok.
(cuplik): di-[x] kn. 1 dicukil, dicoplok tmr. matane ali-ali lsp; 2 êngg. pc. dicuthik; 3 êngg. pc. dicublik, dicacar; 4 dipêthik (layang); kc. cublik.
cupu: kn. 1 bngs. cêpukan cilik wadhah wêwangi; 2 balung bendha ing dhêngkul tmr. raja-kaya; di-[x]: 1 diwadhahi ing cupu; 2 dipampêt tmr. gêtih.
cur: mak [x] pc. mili mancur; di-[x]-i: disoki ing banyu lsp. sing mancur; di-[x]-ake: disokake mancur.
curab: I êngg. kn. bngs. panu walur. II di-[x]-i kn: dicarubi, diurabi; kc. carub.
curah: I êngg. kn. lêlowahaning gunung. II di-[x](ake) êngg: disok(-ake), dicur(-ake).
curak: kn. rêrêgêd ing kuping; kc. curêk.
curang: I êngg. kn. 1 kurang; 2 jirih. II êngg. kn: nggadhung, ngapusi (ing mainan).
(curat): kc. pancurat.
curêk: kn. 1 rêrêgêding kuping, curak; 2 ks. kuping; 3 êngg. suda rungon.
(curêng): nyurêng kn. saèm. mênthêlêng; di-[x]-i: dipanthêlêngi.
--- 644 ---

curês ~ cuwit-cuwit.
curês: kn. 1 mati kabèh tmr. thêthukulan; ut. turun; 2 êntèk kabèh, êntèk babar pisan.
curêt: pc. ora bisa thukul; di-[x]-ake pc: dirusak tmr. têtuwuhan nganti ora bisa thukul.
curi: I kw. maling; di-[x]: dicolong. II kn: padhas atos lan lincip-lincip.
curiga: I kw. kêris. II êngg. pc: sangga-runggi.
curing: I kw. curi (padhas atos). II kn: angèl ambah-ambahane tmr. jurang. III kw: cluring.
curna: (S) kw. rêmuk, ajur, rusak; ka-[x]: karêmuk, karusak.
curnita: (S) kw. rêmuk, ajur, rusak, lêbur.
curug: êngg. kn. grojogan.
curuh: kw. mancur, manthur, mili.
curung: sa-[x] êngg. kn. satundhun tmr. gêdhang; [x]-an êngg: gulu banyak (gantilaning gêdhang tundhunan).
curut: I pc. tikus clurut. II kêcurat-kêcurut, kê-[x] pc: kelangan dhuwit lsp. tanpa tanja.
cus: mak [x] pc. 1 swaraning gêni disiram ing banyu; 2 pc. sadhela bae wis kalah.
cut: ut. [x]-an êngg. pc. banjur, nuli.
cuta: (S) kw. asor, nistha.
cutak: ut. cuthak êngg. kn. panggêdhening kadhistrikan.
cutung: êngg. putung.
cucah: I pc. njêlèhi! susah! II cacah [x] pc: gunêman mung anggêre ngucap (tanpa tata-krama).
cucak: êngg. kn. ar. manuk; kc. cocak.
cucal: pc. k. 1 wlulang; 2 (ringgit [x]) k. wayang; [x]-an pc. k: wayangan.
cuci: (M) pc. ngumbah, masuh; [x] mukak: wadhah banyu kanggo paraupan; tukang [x]: pênatu.
cucing: êngg. kn. cangkir cilik..
cucud: kn. lucu, satandang-tanduke ngguyokake; kc. cucut.
cucuh: prang [x] kn. pêrang bacok-bacokan (tumbak-tumbakan lsp); a-[x]: andon pêrang; di-[x]: 1 ditatoni (ditumbak, digigit lsp); 2 êngg. ditutuh.
cucuk: I kn. 1 cangkêming manuk lsp; 2 cucuping kêndhi, cèrèt lsp; 3 êngg. susuk kondhe; 4 br. pucuk, pêpucuk ing baris lsp; 5 dhuwit kajupukake saka mênanganing ngabotohan kawènèhake sing duwe omah; 6 dhuwit opahane wong sing buruh njupuki panah ing mainan panahan ut. pasêran; di-[x](i): 1 dithothol; 2 pc. dijupuki; 3 ks. dipangan; nucuk ngibêrake pr: disuguh, mulihe nyangking suguhan; [x]-an: 1 olèh-olèhane nucuk; 2 ks. panganan, pangan; 3 pring kiwa têngêne lancip dianggo mikul sukêt, pari lsp; tumbak [x]-an pr: wong kang para wadulan. II êngg. pc: 1 sumbut, cocog karo rêrêgane; 2 pc: petunganing rêrêgan; di-[x]-ake: dietung-etung sing pantês. III pc: susuk, jujul.

cucuk-bêsi: êngg. kn. 1 ar. manuk saba ing banyu; 2 bngs. cathut gêdhe.
cucuk dhandhang: kn. ar. piranti dianggo nyigar watu lsp. awujud wêsi digarani, ing kiwa têngêne lancip.
cucul: 1 kn. lukar ki. ucul (ngrucat) panganggo; 2 kn. ngêtokake dhuwit, up. [x] wragad.
cucup: kn. cucuking kêndhi lsp; di-[x]: 1 diombe sarana diakêp cucuke tmr. kêndhi lsp; 2 disêrot sarana lambene katèmpèlake, up. di-[x] lambene; 3 dicêcêp, diingsêp; kc. cêcêp.
cucur: I kn. manuk kêdhasih. II [x]-an kn: mili mancur; kc. cur. III kn: ar. panganan bngs. apêm. III kn: ar. iwak sêgara cangkême lancip; cangkême nucut pc: cangkême lancip; kc. cucud.
cuthak: êngg. panggêdhening kadhistrikan; kc. cutak.
cuthang: êngg. suthang.
(cuthat): di-[x] kn. 1 dicuthik banjur dibuwang (dikipatake); 2 êngg. dicublik, dicacar; 3 pc. ditundhung; dikon lunga, diwêtokake saka ing panggawean.
cuthêl: kn. êntèk, tamat tmr. crita, lêlakon lsp.
cuthês: kn. curês.
cuthik: kn. kayu lsp. sing dianggo uthik-uthik; di-[x]: 1 dicuthat nganggo cuthik; 2 (ut. di-[x]-i) dijupuki tmr. barang sing ana ing bolongan lsp; 3 pc. ditundhung, dikon lunga.
cuwa: kn. ora kêturutan sing dadi pangarêp-arêpe, gêla; kêcuwan: gêla, ora kêlêgan.
cuwak: I êngg. kn. congkog, sanggan apa-apa sing dhoyong; di-[x]: dicongkog murih aja rubuh; kc. tuwak. II kn: kakehan wragad marga boros panganggone.
cuwawak: pating [x], [x]-an êngg. padha bêngak-bêngok (gunêman sêru lsp).
cuwan: êngg. diprayitna, dingati-ati.
(cuwawuk): di-[x] cangkême pc. dicawuk cangkême.
cuwèk: êngg. cowèk.
cuwèki, cuwèkèn: êngg. pc. gampang-gampangan pambayare tmr. têtuku lsp.
cuwèr: kn. 1 ora kênthêl; 2 èncèr bangêt; 3 pc. ora kênthêl (bêning) tmr. kopi ut. tèh.
(cuwèwèk): di-[x] cangkême pc. cangkême dibênggang.
(cuwêk): di-[x] êngg. pc. digraut kukune kacuwikake.
cuwêngah: kw. 1 gêla, ewa; 2 rada rikuh (ringa-ringa), wêgah.
cuwêr: êngg. ks. kuping.
(cuwik): di-[x] kn. dicublês ing kuku banjur dicuplik.
cuwil: kn. pêcah sathithik sarta pisah, gêmpil; di-[x]: digêmpil, dipêcah sathithik sarta dipisah; [x]-an: 1 apa-apa sing wis cuwil, olêh-olèhane nyuwil; 2 (jarit [x]-an) jarit cilik tmr. bocah cilik.
cuwiri: kn. coraking bathikan lunglungan ngrêmit.
cuwit-cuwit: pc. pêpindhan swaraning manuk, tikus lsp.
--- 645 ---

cuwut ~ comris.
cuwut: êngg. bajing; di-[x] pc: dijupuk.
cuwo: kn. bngs. cowèk gêdhe sarta kuwung.
(cuwol): di-[x] kn. dicêmol lan dikruwês.
(cuwowo): di-[x] cangkême pc. saèm. dicuwèwèk.
(cuwowol): di-[x] pc. dicuwol.
coag: êngg. gunêman mbêngok; kc. cowag.
cob: I êngg. jêmèk, jêblog. II ka-[x]-an êngg: rada kêcampuran.
coba: I n. cobi k. 1 nètèr arêp nyumurupi kaanane kang sajati; 2 (cobak êngg. pc) jajal ! ayo!; 3 (cobak êngg. pc) ing saupama, yèn; [x]-[x]: lagi jajal-jajal; di-[x]: 1 ditètèr, disumurupi kaanane sing sajati; 2 dijajal. II (ut. coban êngg) kn: dom jala (dianggo nganam jala).
cobak: êngg. pc. coba; [x]-an êngg. pc: jajalan.
coban: I êngg. kn. dom jala; kc. coba. II [x]-[x] n. cobèn-cobèn k: jajalan; kc. coba.
cobèk: êngg. bngs. diyan.
coblong: I kn. 1 saèm. lodhong cilik tanpa gulu; 2 êngg. diyan, coblok. II êngg. kn. grahana nganti êntèk babar pisan tmr. srêngenge.
(coblos): di-[x] kn. dicocog nganti bolong (nunjêm).
cobolo: kn. bodho bangêt.
cod: kn. ar. manuk.
codaka: kw. utusan, têlik; kc. cundaka.
codya: kw. cacad; kc. ceda.
cojog: êngg. pc. cocog.
(cojoh): di-[x] êngg. pc. ditojoh, dijojoh.
codhot: kn. 1 bngs. lawa gêdhe; 2 êngg. ar. diyan; [x]-an: wowohan sing wis dipangan codhot.
cog: ut. di-[x]-i, di-[x]-ake pc. dibayar sah; di-[x]-ake pc: dicocogake.
(cogèr): di-[x]-i êngg. ditanduri pari; kc. cokèr.
coglèk: pating [x] pc. oklak-aklik tmr. sambungan lsp.
coglog: êngg. bumbung gêdhe.
(cogmol, cogêmol): di-[x] kn. têrus didakwa (diarani alane).
cogo: pc. bodho.
cohung: pc. 1 unining manuk mêrak; 2 manuk mêrak.
(cohok): di-[x] êngg. pc. dirauk, diraup.
cok: I êngg. pc. 1 sok, kadhang kala; 2 mênawa, yèn. II ka-[x]-an êngg. pc: kacoban, rada kêcampuran.
cokak: kn. ar. barang cuwèr rasane kêcut dianggo bumbu.
cokèh: êngg. mung; kc. cukèh.
(cokèk): [x]-an kn. gamêlan sarta sindhèn barangan.
(cokèr): di-[x](i), di-[x]-[x] kn. diorak-arik nganggo cuthik lsp.
coklak: (ut. [x]-an) êngg. luwangan sing arêp ditanduri, tanjan.
coklat: kn. soklat.
coklèh: êngg. coklèk.
coklèk: kn. putung, cêklèk; di-[x]: diputung.
(cokoh): di-[x] êngg. diina, dirèmèhake.

cokol: I êngg. kn. godhong têbu (jagung) dianggo pakan raja-kaya; [x]-an êngg. pc: thikilan. II di-[x] êngg: didulang (dilolohi) kanthi pêksa.
cokor: 1 êngg. pc. cakar; 2 ks. sikil, tangan.
(cokot): di-[x] êngg. pc. dicakot.
(cokrèk): di-[x]-i êngg. pc. dicokèri.
col: êngg. ora racak pambagene; kc. gecol.
colak-calik: êngg. mênyang mulih lakon sadina; kc. calik.
colèd, colèk: êngg. solèd.
colok: I kn. 1 gombal diuntir diclup ing lênga dianggo mêmadhangi; 2 pc. diyan lsp. sing dianggo mêmadhangi; 3 êngg. kongkonan wong pêrlu awèh wêruh (kc. cala); di-[x]: 1 (- matane) ditojoh ing driji; 2 diwuwuhi (dicampuri) gula lsp. sathithik; di-[x]([x])ake 1 ditudingake ing mata; 2 ks. dituduhake kalawan têrang-têrang. II kn: (buntute [x]) buntute irêng ing pucuk putih tmr. asu ut. kucing.
(colong): di-[x] kn. dialap tanpa nganggo nêmbung; [x] jupuk: prakara bab nyolong; tinggal glanggang (a)colong playu: mlayu saka ing papêrangan; nyolong laku: nindakake apa-apa kalawan dhêdhêmitan; nyolong pêthèk pr: mlèsèd saka pamêthèke; [x]-an: 1 olèh-olèhane nyolong; 2 dhêdhêmitan, slingkuh, ora ngêdhèng.
(colot): [x]-[x] kn. mlumpat-mlumpat (kaya lakuning kodhok); di-[x]-i: kêna ing apa-apa sing mêncolot; [x]-an: 1 dohe ênggone mêncolot; 2 bêbathèning blantik ut. bakul sing ngêdolake barang (luwihaning pêpayon ut. rêragan[9] sing dipancêd marang sing duwe barang).
coma: êngg. mung.
comah-comah: êngg. tanpa aji, sêpele; kc. cumah.
combor: I (ut. [x]-an) êngg. jêjêmbêgan; kc. jombor. II [x]-an êngg: campuraning cacahan sukêt lsp. karo tètès dianggo pakan jaran; kc. kombor.
combrang: kn. (ut. kêcombrang) ar. têtuwuhan bngs. laos.
combre: êngg. ks. tembre ora aji babar pisan.
(comèl): nyomèl pc. ngomèl, grênêngan; di-[x]-ake pc: dikojahake, dirasani.
comong: êngg. dadi irêng tmr. blêntong lsp.
(comot): di-[x] êngg. dicêkêl, dijupuk.
complong: kn. 1 êngg. ar. wadhah; 2 (ut. [x]-an) bolongan, cumplêngan; di-[x](i): dibolong-(i).
comprang-camprèng: kn. tansah kêkurangan; kc. comprèng.
comprèng: kn. 1 tansah kêkurangan (dhuwit lsp); 2 êngg. ar. prau; kê-[x]-an: kêkurangan, kêcingkrangan.
comris: 1 ks. pawadonan; 2 ks. combre, tembre.
--- 646 ---
condre ~ corèk.
condre: kw. cundrik.
condhang: kw. kc. cundhang.
condhok: kn. 1 kêtêmu, gathuk, cocog; 2 pondhok; kc. cundhuk.
condhol: êngg. tikus ing sawah.

condhong: 1 kw. dhoyong; 2 kn. rujuk karo, cocog; 3 nayogyani; di-[x]-i: dirujuki, dicocogi.
cono: êngg. bngs. wudun ing êndhas.
conok: êngg. ks. pawadonan.
(conti): di-[x] êngg. dipênggak, dialang-alangi.
conto: kn. 1 barang-barang sing dituduhake minangka pinton (tmr. dagangan lsp); 2 pola, tuladha; di-[x]: ditulad, ditiru; dicontoni êngg: dituladhani, diwènèhi conto.
(concong): I noncong kn. 1 nyongat mêngarêp tmr. barang sing dawa (tumbak lsp); 2 ngacungake mêngarêp tmr. tumbak lsp; noncong bênêr: nyongat lêncêng tmr. panggawaning tumbak; noncong nduduk: nyongat mêngarêp rada diunggahake landhêpe tmr. panggawaning tumbak; noncong tadhah: nyongat mangarêp landhêpe sêmu mêngisor tmr. panggawaning tumbak. II [x]-an pc: cong-congan.
conthang: kn. kc. cunthang.
(conthèng): di-[x]-i pc. diclorèngi; kc. lonthèng.
conthok: kn. lêngênaning klambi (kêprabon) sing mlêndhung.
conthong: kn. wungkusan godhong gêdhang lsp. awangun lancip (pasungan); di-[x]: diwungkus sarana conthong.
(cong): di-[x](i) êngg. 1 disok-(i), diiling-(i); 2 pc. diacungi, didhèdhèki, arêp diwènèhi apa-apa sarana katuduhake barange; [x]-[x]-an pc: dhedhekan, apa-apa sing dituduhake arêp diwènèhake lsp.
congah: kn. cuwêngah; di-(cê)-[x]: diiming-iming, dipêpengin nanging ora dituruti.
(congat): [x]-[x] kn. katon dawa njêngat; nyongat: noncong, njêngat.
congèr-congèr: pc. swaraning bayi nangis.
(conggah): di-[x](i) êngg. 1 diangkat, dijongkèng tmr. prau; 2 ngusung pari panenan digawa mulih; kê-[x]: kêduga nglakoni, kuwagang.
congkèl, congkil: êngg. bngs. linggis kayu ing pucuke nganggo wêsi; di-[x] êngg. pc: didhongkèl, disongkèl.
congkèng: kn. 1 rangkêpaning èpèk; 2 rangkêpaning ikêt blangkon; 3 êngg. bangkolaning lapak kanggo cangkolan momotan.
congkèr: êngg. sênêng pêpadon.
congklang: I (ut. nyongklang) kn. mlayu bantêr tmr. jaran; di-[x]-ake: diplayokake bantêr; cêcongklangan: mlayu bantêr. II pc: cupêt, kurang landhung tmr.lêngênan klambi; kc. cingkrang.
(congklok): di-[x] kn. dicêngkolong.
congkog, congkok: kn. 1 êngg. cuwak; 2 canggah; 3 êngg. andhahane lurah desa; 4 wong sing dadi lantaran (palaku, dalan) ing wong sing arêp jêjodhoan; 5 ks. jomblang, blantik wong wadon; [x]-[x] êngg: dicuwak; di-[x]-i êngg: 1 dicuwaki; 2 dislamêti murih bisa lêstari kuwat tmr. wong sing wis jêmpo.
congkrah: kn. crah, pasulayan, ora rukun.
congkrang: êngg. pc. cingkrang, congklang.
conglok: êngg. wong sing ngrêrungokake wong rêrasan, têlik.

congok: I kn. 1 êngg. blantik raja-kaya; 2 coraking lurik sing nylênèh; [x]-an êngg: isih janggêlan tmr. tuku raja-kaya. II di-[x] êngg: dikêluhi (dibolong irunge sarta didèkèki tampar lsp) tmr. sapi lsp.
(congol): di-[x]-ake pc. dicungulake.
congor: kn. 1 cangkême sarta irunge kewan raja-kaya; 2 pc. ks. irung cangkêm, gunêm.
congsun: (C) kn. têlik tmr. pangêdole candu pêtêng.
cop: I kn. 1 lèng wêlud lsp; 2 êngg. bngs. diyan cilik; di-[x]-i pc: dicublêsi; kc. clop. II êngg: jêjêmbêgan; kc. clop.
copat-capêt: êngg. kêkurangan, kurang trêp; kc. copèt.
copèt: I kn. cupêt, kurang trêp. II tukang [x] êngg. pc: bajingan; di-[x] êngg. pc: diutil.
copil: êngg. kn. capil.
coplak-capluk: kn. bola-bali mangan.
coplok: kn. 1 copot, uwal saka tlakupane (êmbanane); 2 (wis [x]) pc. wis apal têmênan; di-[x]: 1 dicopot (diuwalake) saka ing tlakupane (êmbanane); 2 dicowok sathithik tmr. buruhan.
copot: kn. 1 uwal (oncat) saka ing anjing-anjingane; 2 rucat, cucul panganggo (sêpatu, sandhal lsp); 3 pocot, dilèrèni saka ing panggawean; di-[x]: 1 diuwalake saka ing anjing-anjingane; 2 dibukak (dirucat) tmr. panganggo, sêpatu lsp; 3 dipocot.
coprat-caprèt: êngg. pc. omong rame.
cor: I di-[x] kn. 1 disoki, dicuri luluhan timbêl lsp; 2 (ut. di-[x]-i) disirami, dilêbi ing banyu tmr. têtanduran; 3 (ut. di-[x]-i) dijogi banyu murih cuwèr; kc. cur, oncor. II kw: sumpah, supata.
cora: (S) kw. 1 maling, durjana; 2 wong nistha.
corah: I kn. curah. II kn: 1 kêwêntar alane; 2 (ut. di-[x]-ake) dipasrahake marang wong akèh.
corak: kn. 1 corèk, corèking gêgambaran ing bathikan, lurik lsp; 2 rupa, wujud, sêsipatan.
corak-carèk, corak-carik: kn. pating clorèk; kc. carik, corèk.
corang-carèng: kn. pating clorèng.
cora-pracore: kw. wong nistha (ala).
core: I (ut. [x]-an) kn. 1 galêraning lurik, garitan; 2 garis lêrlêraning gambaran lsp; 3 pc. sêsipatan; di-[x]: 1 digaris, digarit, digalêri; 2 êngg. ditanja; [x]-an tangan: digambar ing tangan; kc. carik. II (ut. corèt) êngg: rèk, korèk.
--- 647 ---
corung ~ crènggèh.
corung: sa-[x] êngg. satundhun; kc. curung.
coro: I kn. 1 ar. kewan bngs. cere gêdhe; 2 pc. wong sing jirih (asor, nistha lsp). II êngg: kan wadhah banyu..
corok: I kn. sogok; [x] jêro pr: ndhêmêni bojoning liyan; kê-[x]: 1 kêsogok, kêcocog; 2 katut kanggo. II di-[x](i) kn: didhaku, dirayuk arêp diêbèki. III di-[x] êngg: diracun, diupasi.

corong: êngg. pc. 1 pipa wêsi, bumbungan; 2 torong; 3 diyan nganggo tèdhèng gilap (yèn disorotake bisa bablas); 4 sêmprong, kèkêr; di-[x] (i): disoroti nganggo corong; kc. pancorong.
corcoran: pc. gunêman mung waton muni; kc. cor.
cos: I mak [x] pc. mak cus, mak gêcos; di-[x] pc: didumuk ing apa-apa sing mêngangah. II di-[x]-ake pc: dicaosake. III [x]-[x]-an kn: tansah tumètès tmr. luh lsp.
cot: mak [x] pc. dumadakan mumbul (njêngat lsp).
cocung: êngg. putung.
cocak: [x] rawa, [x] gunung kn. ar. manuk.
cocing: êngg. kn. bngs. cangkir cilik.
cocog: I di-[x] kn. dicublês nganggo barang lancip. II kn: 1 rujuk, ora sulaya karo; 2 ora gèsèh, trêp karo sing asal; 3 ora gèsèh tmr. petungan; di-[x]-ake: 1 dicundhukake ditrêpake karo; 2 dipatitisake tmr. petungan; kc. cècèg, cocog.
cocoh: I kn. 1 wêsi lancip dianggo ndhêplok kinang ing dhuplak; 2 wêsi lancip kaya paku dianggo cangkolan ing timang; di-[x]: dilêmbutake, didhêplok nganggo cocoh. II di-[x] êngg: 1 dicacah, dicublêsi; 2 tansah ditutuh; kc. cucuh. III di-[x] êngg: ditandur dipêncarake tmr. dhautan pari.
(cocok): I di-[x] kn. 1 dipangan ing asu; 2 ks. dipangan; [x]-an ks: pangan. II nocok kn: 1 nrajang, nyahak, nglojok; 2 pc. nglojok tmr. tembokaning bathikan; kê-[x] pangan pc: (angot lara) marga mangan panganan sing disirik; kc. cocog.
(cocol): I di-[x] kn. dipangan ing lawa lsp. tmr. wowohan, dithothol. II di-[x] êngg: 1 digawa (dipikul) nganggo cucukan; [x]-an êngg: cucukan (pring dilancipi kiwa têngên).
cocomeyo: kaya [x] pc. ora nganggo tata-krama.
cocor: kn. 1 cucuk sing njêbèbèh (bèbèk lsp); 2 pojoking payon omah; kc. sosor.
cocot: ks. 1 cangkêm; 2 têtêmbungan.
(cotha): di-[x], cothan kn. bêbêdan jarit sing saparo diubêdake sing saparo dianggo sabuk (kaya bocah cilik); kc. sabuk wala
(cothe): di-[x], cothèr kn. nyêngkêlit kêris kaêtrap ing ngiringan ukirane dumunung ingarêp.
cotho: kn. 1 caca ina, kêkurangan kawruh; 2 kêkurangan sarana (piranti lsp) sing dianggo tumandang ing gawe.
cothom: êngg. caping.
(cothot): di-[x]-ake kn. dipênêt supaya isine mêtu; kc. pacothot.
cowag, cowak-cawèk: êngg. broak-braok.
cowèk: kn. 1 layah cilik dianggo nyambêl; 2 êngg. piring cilik.
cowèt: êngg. cowèk.
(cowok): di-[x] kn. disuda sathithik, dilongi.
cowong: kn. katon pucêt bangêt sarta kuru (tmr. praèn).
(crabak): I [x]-an êngg. mêmangan apa-apa; kc. cêrbak, crêbak. II (pa-) [x]-an kn. langgar dianggo mêmulang, pamulangan.
craèk: pating [x] kn. padha bêngak-bêngok.

crah: kn. 1 êngg. bênthèt, rêngka; 2 pisah, pasulayan, congkrah; di-[x]-ake: dicongkrahake.
crakèn: kn. 1 adon-adoning jamu kayata mrica, pala lsp; 2 bakul ut. dodol adon-adoning jamu; kc. craki.
craki: kn. bakul dodolan crakèn; kaya Cina [x]: gêmi bangêt.
crak-cruk: pc. tansah nywara cruk-cruk.
crancang: pc. kc. trancang.
crang: mak [x] pc. pêpindhan swaraning barang atos kêtaman ing gêgaman.
crangap: pating [x] kn. katon padha mangap; kc. cangap, clangap.
cranggèh: pating [x] pc. linggih karo padha ngranggèh-ngranggèh; kc. canggèh.
crang-crèng: pc. tansah nywara crèng-crèng.
crapang: kn. ing pucuk kiwa têngên lancip (njêkithat) tmr. brêngos.
cras: mak [x] pc. katêrangan tumamaning barang landhêp.
crat-crèt: pc. tansah (kêrêp) bêbanyu.
crat-crêt: pc. bola-bali nguyuh sathithik.
crat-crit: pc. kêrêp idu.
crat-crut: pc. kêrêp mancur sathithik-sathithik.
cracakan: êngg. pc. cak-cakan, nyak-nyakan.
cracap: kn. ilining banyu udan; [x]-an kn: tlacap tmr. payung.
cracèt: êngg. kacu.
cratho: pating [x] pc. kabèh padha catho-catho.
crathok: pating [x] pc. padha arêp nyathok.
crawak: kn. yèn gunêman sarwa sêru.
crègèh: pating [x] êngg. katon lancip-lancip; kc. crènggèh.
crèk: mak [x] pc. pêpindhan swaraning kêcrèk lsp.
crèncèng: êngg. trèncèng.
crèng: mak [x] pc. pêpindhan swaraning wêsi dithuthuk lsp.
crèngèl: pating [x] pc. êndhase padha njènggèl; kc. cèngèl.
crèngès: pating [x] pc. padha mringis (ngguyu).
crènggèh, crèngkèh: pating [x] pc. padha nyongat lancip-lancip; kc. cranggèh, cèngkèh.
--- 648 ---
crèngkèng ~ thal-thalan.
crèngkèng: êngg. bngs. cêmpuling.
crèngos: pating [x] pc. pating clorèng raine.
crèt: mak [x] pc. katerangan wêtuning sêsukêr (lara wêtêng).
crèwèk: êngg. cluwokan, lêgokan, bolongan ing gampèng lsp.
crèwèng: pating [x] pc. ngênêr (ditarik) mrana-mrene; kc. cèwèng.
crèwèt: kn. 1 kakehan omong (mêmadoni, maoni lsp); 2 êngg. angèl garap-garapane; kc. cèwèt.
crêbak, crêbêk: êngg. pc. apa-apa doyan (dipangan); kc. cêrbak.
crêma: kw. wlulang.
crême: kn. ar. wit sarta woh.
(crêmêd): [x]-an kn. gunêman saru (lekoh).
crêmumuh: pating [x] pc. katon padha abuh ngêmu nanah.

crênthe, crênthèng: pating [x] pc. padha nywara cênthe-cênthe.
crêngèk: pating [x] pc. padha nywara sêru (nangis lsp).
crêngèngès: pc. kc. cêngèngès.
crêngkèng: pating [x] pc. padha nywara cêngkèng-cêngkèng.
crêngkling: pating [x] pc. padha nywara cumêngkling.
crêp: mak [x] pc. katêranganing lêlandhêp tumancêb.
crêpèpèh: pating [x] pc. padha ngatonake solah adhepe-dhepe.
crês: mak [x] pc. katêrangan tumamaning lêlandhêp.
crêt: mak [x] pc. mancur (tètès) sathithik; sa-[x]-an: satetesan; di-[x]-i: ditètèsi sathithik; kc. crut.
crêcèt: êngg. kacu.
(crêcêl): [x]-an pc. akèh bangêt anake.
crêthil: pating [x] pc. krasa kaya dicêthili.
crigan: kn. anggar (wadhah kêris ing bangkekan); kc. curiga.
crigis: kn. kakehan omong.
criyèt: pating [x] pc. padha muni ciyèt-ciyèt.
criyos: 1 k. crita; 2 k. kandha.
crik, cring: mak [x] pc. pêpindhan swaraning dhuwit gathuk lsp.
crincing: êngg. kn. trincing.
cringih: pating [x] kn. katon lancip-lancip alandhêp.
cringis: pating [x] pc. pating crèngès.
criping: kn. ar. panganan sing digawe gêdhang, tela lsp. diiris-iris banjur digorèng.
cripu: kn. bngs. sandhal nganggo japitan sikil.
crit: mak [x] pc. katêranganing idu; kc. kêcrit.
crita: n. criyos k. 1 dongèng; 2 pc. kandhaning wong; dicritani: didongèngi; dicritakake: didongèngake.
cricis: pc. tansah omong, crigis.
criwis: kn. tansah gunêman (madoni lsp); [x] cawis pc: tansah madoni prentah, nanging ing batin wis sumadhiya arêp nindakake.
crubuk: kn. 1 ar. iwak sêgara sing lêmbut-lêmbut; 2 êndhok iwak sing wis diasin.
crumplêng: pating [x] pc. padha bolong nyumplêng; kc. cumplêng.
crumpung, crupung: kw. bngs. tandhu.
crungul: pating [x] pc. padha mêncungul.
crut: mak [x] pc. mancur sathithik sarta ngêgèt; di-[x]-ake: dicurake ngêgèt.
cruwèt: pating [x] pc. padha nywara cuwèt-cuwèt.
cruwêk: êngg. kêmproh, crobo; di-[x] pc: dicuwêk.
cruwil: pating [x] kn. padha cuwil, padha pisah-pisah; kc. cuwil.
crobo: kn. 1 êngg. kabèh dicampur dadi siji; 2 kêmproh, kêthêr, ora rêsikan.
crok-crok: I pc. swaraning ngêprok wasuhan; di-[x]-[x]: diprok-prok tmr. wasuhan. II [x]-[x]-an pc: yèn mangan sarwa kêsusu kaya pamangane asu; kc. cocok.
crolot: pating [x] kn. katon padha mêncolot.
cromplong: pating [x] kn. padha bolong nyomplong; kc. complong.

crondhol: êngg. tikus sawah.
crongat: pating [x] kn. padha nyongat; kc. congat.
crongoh: kn. arêpan, ora tampikan (marang wong wadon).
crongol: pating [x] pc. padha mêncongol; kc. congol.
crongot: pating [x] pc. padha noncong nyongat.
crot: pc. saèm. crut, crèt.
crocoh: êngg. trocoh.
(crocos): [x]-an kn. padha tètès tmr.luh.
crowal: pating [x] kn. pating brocèl.
crowèt: pating [x] êngg. pating cruwèt.
crowokan: êngg. clowokan.
1. ngêhaki.
2. nyilakake.
3. Huruf Jawa: ha, na, ca, ra, ka.
4. bocah.
5. sathithik-sathithike.
6. minangka.
7. pinggiring.
8. 4.
9. rêrêgan.

Th

thah-thèh: ora [x] êngg. pc. ora apa-apa.
thah-thuh: pc. kêrêp luput; kc. thuh.
thak: mak [x] pc. pêpindhan swaraning nothok lsp.
thakah: êngg. kn. srakah, murka.
(thakur): [x]-[x] kn. kêruk-kêruk nganggo sikil ngarêp tmr. jaran lsp; di-[x]-i: dikêruki nganggo sikil.
thak-uthik: pc. tansah ngundhêr ing omah (sawijining panggonan); kc. uthêk.
thak-thakan: kn. 1 kêsusu kumudu nyênyêkêl (nênampani); 2 kumudu kudu mèlu ngudhoni rêmbug.
thak-thik: kn. tansah tumandang ing gawe (gêgawean sing cilik-cilik).
thak-thuk: pc. tansah (kêrêp) gathuk; kc. thuk.
(thalang): [x]-[x] kn. katon nyongat dawa, tlalangan.
thal-thalan: êngg. pc. njal-njalan.
--- 649 ---
thangkring ~ thêngik-thêngik.
thangkring, thangkrong: êngg. linggih (mencok) ing papan sing dhuwur; kc. pathangkring, pathangkrong.
(thanglung): [x]-[x] êngg. pc. katon dawa manglung (nyongat).
thang-thêng: pc. 1 wira-wiri mibêr sarta nywara tmr. tawon lsp; 2 sadhela-sadhela mambu ora enak.
thar: mak [x] pc. pêpindhan swaraning pêcut ut. panothok.
(tharak): kê-[x]-[x] êngg. pc. kêdharang-dharang.
(tharik): [x]-[x] kn. katon lêlarikan sarwa tata; kc. larik.
thar-thèr: pc. pêpindhan swaraning pêcut mawali-wali.
thar-thir: kn. saka siji (sathithik) ora grubyugan.

thathit: kn. kilat, gêbyaring blêdhèg; [x] ngima unthit pr: ngatonake panguwasane.
(thawe): [x]-[x] pc. tangane kumlawe; kc. kêthawe.
thèh: êngg. pc. nèh.
theyol: kn. kêsêl bangêt.
(theyot): I [x]-[x], [x]-thèblung kn. 1 swaraning kodhok; 2 ks. gunêman tanpa têgês. II di-[x] êngg. pc: dicêthot.
thèk: I mak [x] kn. pêpindhan swaraning panuthuk; kc. thèthèk. II [x]-ku, [x]-mu pc: duwèkku, duwèkmu.
thèkèl: I (ut. [x]-an) pc. thikilan; jalu (sungu) [x]: jalu (sungu) sing ora bisa mundhak dawa. II [x]-[x], kê-[x]-an kn: mènèk (munggah nganggo gujêngan) sêmu ngrêkasa.
(thèkèr): [x]-[x] pc. cèkèr-cèkèr, thakur-thakur; kc. kêthèkèran.
thekle: kn. 1 cêndhak sarta bengkong tmr. tangan; 2 pêpês, apês.
thèklèh, thèklèk: êngg. ndhungkluk mêngisor tmr. sungu; kc. thoklo.
thèklèk: kn. gapyak.
theklok: kn. 1 padha tumêlung marga coklèk ut. kabotan wulèn tmr. pari lsp; 2 nglumpruk alêmês marga sayah bangêt.
thekor: I kn. puthêr sarta bengkong tmr. tangan ut. sikil. II êngg. kn: takir ut. wadhah sing digawe upih ditêkuk.
(thekruk): sa-[x] pc. akèh bangêt.
(thele): [x]-[x] pc. nglumpruk ora bisa nggêglawat; kc. thelo-thelo.
thelo: I [x]-[x] pc. kaanane wong klêngêr ut. sêmaput. II êngg. kn: dhingkêl, lêlaraning pitik.
thel-thelan: pc. nyil-nyilan, njal-njalan.
thèmal-thèmêl, thèmal-thèmol: kn. mangan (ngêmplok, nyênyêkêl) kêrêp sarta kêsusu.
thèmèl, thêmèl, thêmêl: kn. 1 kêmpêl, dhêmpêl tmr. rambut; 2 krakêt, ora kêpyar.
themla-themlo: pc. ngêmplok sarwa akèh tmr. apa-apa sing êmpuk.
themol: I sa-[x] kn. saêmplokan, sacêmolan; kc. themal-themol. II mak [x] êngg: mak cêmol tmr. nyêthot.
thèng: kn. pêpindhan swaraning jam, gêntha lsp.
thèngèl: I [x]-[x], thengal-[x] kn. êndhase mênthungul sarta obah-obah; kc. panthèngèl. II êngg: baya cilik, krete.
thènglèng: êngg. miring mènglèng tmr. êndhas.
thèngthèng: I [x]-an kn. nywara thèng-thèng; kc. thèng. II di-[x]-i êngg: didhèdhèki; [x]-an: dhedhekan.
theple: êngg. kn. blêkêtepe.
thèr: kn. pêpindhan swaraning drêmenan, slomprèt lsp; [x]-[x]-an: 1 padha ngunèkake drêmènan, nywara rame; 2 pc. tansah nywara cênthe-cênthe tmr. wong wadon.
thethas: pc. êntèk babar pisan.
thèthèk: I rondha [x] kn. nganglang karo ngunèkake kênthongan; di-[x](i): 1 dithuthuk(i); 2 pc. dithuthuki supaya copot; [x]-an: 1 bngs.kênthongan pring, wilah ut. kayu sing dithuthukake kanggo

têngara (tawa dodolan lsp); 2 ar. mêmêdi. II ut. [x]-an êngg: dhuwit lsp. sing wis disadhiyakake.
thèthèl: kn. nglokop, nglèthèk tmr. barang sing krakêt; di-[x](i): 1 diklèthèki, didhèdhèli (tmr. panganggo; 2 êngg. dikêlèti wlulange; kc. dhèdhèl.
thèthèl-thuwèl: pc. dhèdhèl-dhuwèl.
thèthèr: kn. bngs. bubuk sing mangani bêras, kayu lsp; [x]-ên: dipangan ing thèthèr, bubukên.
thèwêl: mak [x] pc. mak cèwêl.
thewul: êngg. thiwul (ar. panganan sing digawe tela kaspa).
thêk: I kn. 1 pêpindhan swaraning apa-apa sing gathuk; 2 pc. sapisan rampung, sanalika rampung, up. thêk-sêk (sanalika mati); êndang [x]-[x]: êndang enggal ditandangi. II [x]-ing ati pc: krêntêging ati.
thêk-kliwêr: pc. apa-apa sing ana sakabèhe.
thêklak-thêkluk: kn. dhêklak-dhêkluk marga ngantuk.
thêklik-thêklik: pc. mlaku alon nganggo sandhal ut. thèklèk.
thêl: mak [x] pc. sanalika pêdhot; kc. dhêl, thokthêl.
thêlêng: êngg. kn. irêng-irênging mata; kc. têlêng, panthêlêng.
thêm: êngg. mathêm.
thêmèl, thêmêl: kn. kc. thèmèl.
thêmil-thêmil: pc. (mangan) kêrêp pamamahe.
thêmlang, thêmlèng, thêmlong: pc. pêpindhan swaraning bonang; dithêmlang pc: diantêm (dithuthuk) êndhase.
thêmlik, thêmplik: sa-[x] êngg: sathêmlik; kc. têmplik.
thêng: mak [x] pc. pêpindhan swaraning kawat kêncêng kêjawil lsp, katêranganing lunga, mibêr lsp. rikat; kc. thang-thêng.
(thêngèl): [x]-[x] êngg. pc. thèngèl-thèngèl.
thêngêr-thêngêr: kn. njêngêr mênêng lêngêr-lêngêr.
thêngik-thêngik: kn. linggih ijèn tanpa kanca.
--- 650 ---
thêngil ~ thukul.
thêngil: I kn. apa-apa sing mrêngkêl ut. mêndhukul cilik. II prau [x] êngg: prau lêsung.
(thênguk): thêthênguk, [x]-[x] kn. linggih nganggur, lênguk-lênguk.
thêngul: I (ut. [x]-an) kn. bonekah sing digawe gombalan ing jêro diisèni kapuk. II êngg: canthing takêran lênga.
thêngok-thêngok: êngg. thênguk-thênguk.
thêngor-thêngor: kn. thêngêr-thêngêr.
thêngthêng: (ut. [x]-an) pc: tansah mambu ora enak, tansah nywara thêng, tansah (kêrêp) lunga; kc. thangthêng, thêng.
thêr: mak [x] pc. pêpindhan swaraning banyu manthur, lakuning panah, katêranganing lunga lsp.
thêrik-thêrik: êngg. pc. tharik-tharik.
thêruk-thêruk: êngg. pc. thênguk-thênguk; thêruk-thêruk kêklumpuk pr: ora nyambut-gawe nanging sarwa kêcukupan marga akèh wong sing wèwèh.

thêrong-thêrong: êngg. pc. wis awan bangêt (srêngengene wis dhuwur).
thês: mak [x] pc. sanalika pèndèng marga dipithês, kêlindhês lsp.
(thêthêk): di-[x] kn. dithuthuk lirih; kc. thêk.
thik: I êngg. jodho, gathuk; kc. thikthik. II ([x]-an êngg) pc: kathik.
thika: (S) kw. tulisan, layang, karangan; [x] unine pr: duwe kapintêran kawulangake ana ing nêgara liya; thinika: dianggit, tinulis.
thikêr: êngg. pc. cikêr.
thikil: kn. thukul tmr. wiji sing cilik-cilik; [x]-an: wiji sing thikil, sêmèn.
thiklu-thiklu: kn. wis wungkuk tuwa bangêt.
thikluk-thikluk: pc. thiklu-thiklu.
thikthik: pc. anggêr ana prakara sathithik bae, up. [x] kandha ora bisa !
thik-thikan: kn. kudu nyênyêkêl ut. tumandang; kc. thak-thik.
thil: I êngg. jupukna, wènèhna; di-[x]-ake: dijupukake; kc. pêthil. II mak [x] kn: katêranganing apa-apa sing pêthil; siji [x]: mung siji ora ana tunggale.
thila: kw. kuthila.
thilang: kn. kuthilang (ar. manuk).
thilêg-thilêg: pc. tanpa mobah mosik marga kêntekan akal lsp.
thilêng-thilêng: êngg. (katon) mêlèk sarta mêlêng-mêlêng.
thili-thili: pc. têlês awake sakojur nganti katisên.
thilung: dhèt [x] pc. pêpindhan swaraning kuthilang.
thil-thilan: pc. nyil-nyilan (kakehan polah tmr. bocah wadon).
thim: pc. kanggo mratelakake yèn arêp nglakoni apa-apa, up. dha dolan [x] !
thimik-thimik: pc. mlaku rindhik jangkahe ciyut.
thimlo: kn. bngs. saoto.
thinik-thinik: kn. katon cilik cèkli, pawakan cilik rupane ayu.
thinthil: kn. jantung pitik ut. manuk.
(thinthing): di-[x] kn. 1 dithuthuk supaya muni tmr. dhuwit lsp; 2 pc. ditakoni kaantêpane; kc. thing, thingthing.
thing: mak [x] pc: pêpindhan swaraning dhuwit dikêncring lsp; mitra (sobat) [x] pc: mitra sing rakêt bangêt.
thingak-thinguk: kn. lingak-linguk, menga-mengo marga bingung ut. ora mangêrti.
thingik-thingik: êngg: thinik-thinik.
thingil: pc. thikil; [x]-[x] pc: mênthungul sathithik.
thingkrang, thingkrik, thingkring: êngg. pc. linggih ing papan sing dhuwur (klêbu murang tata).
thinguk: kn. kaanane wong menga-mengo marga bingung lsp; kc. thingak-thinguk.
thingthing: I (ut. [x]-an) kn. swaraning dhuwit lsp. sing dikêncring; di-[x]: dikêncring, dithuthuk supaya muni tmr. dhuwit lsp; kc. thinthing. II [x]-an pc: pêthingan, sing dilêlithing (diêthing-êthing). III di-[x]-ake pc: dipanggang.
thiplak: êngg. kêthiplak, trumpah.

thipluk-thipluk: kn. lêmu araras.
thir: kn. 1 pêpindhan swaraning gangsir ngênthir; 2 (mak [x]) pc: katêranganing apa-apa sing mancur; 3 katêranganing lunga sing saka siji; kc. thar-thir.
thirik-thirik: pc. tharik-tharik.
this-thisan: pc. 1 kumudu-kudu tumandang (nyênyêkêl lsp); 2 kênès nyil-nyilan tmr. bocah wadon.
thit: mak [x] pc. pêpindhan swaraning sêmpritan lsp.
thithik: I êngg. pc. ora akèh; sa-[x]: ora akèh. II di-[x] kn: dithuthuk lirih. III nithik kn: gawe gêni sarana watu gêni kathuthukake ing waja, plêtike ditadhahi ing kawul; [x]-an, panithikan: watu gêni (waja) dianggo nithik.
thithil: kn. thèlthèl tmr. apa-apa sing cilik; di-[x]: dithèthèl tmr. barang sing cilik, dithèthèl sathithik.
thiwal-thiwul: êngg. dhawul-dhawul tmr. rambut.
thiwêg-thiwêg: pc. lêmu wêwêg, thipluk-thipluk.
thiwul: kn. ar. panganan sing digawe gaplèk tela.
thuh:pc. dhuh, wah.
thuh-thuh: dianggo [x] êngg. pc. dianggo pangarêm-arêm (pitulungan) ing sawatara mangsa.
thuyuk-thuyuk: êngg. lumaku mbungkuk marga wis tuwa bangêt.
thuyul: kn. 1 tlèdhèk ajaran; 2 êngg. pc. palanyahan.
thuk: I mak [x] pc. pêpindhan swaraning apa-apa sing dithuthuk. II kn: katêranganing apa-apa sing gathuk, kêpêthuk lsp; di-[x]-ake: digathukake, ditrapake.
thuk-athèng: pc. ala nganggur.
thukluk: êngg. gumuk, punthuk.
thuk-mis: (ora kêna) wong [x] pc: anggêr ana wong wadon rada bêcik arêp didhêmêni. (thuk-mis = bathuk klimis).
thukul: kn. 1 mêtu uwite (sêmi) tmr. wiji; 2 mêtu, wiwit katon tmr. gudhig lsp; 3 ana sing dadi wong kêtara tmr. turun; [x] atine: wiwit ngrêmbug marang; [x] rêjêkine: wiwit bisa sugih; [x] turune: turune ana sing dadi wong kêtara; nukulake: 1 nuwuhake; 2
--- 651 ---
nganakake, njalari; kê-[x]-an: 1 kêtuwuhan; 2 kêdunungan; (thê)[x]-an: têtuwuhan, wit-witan.
thul ~ wada.
thul: êngg. pc. panyêluk marang bocah wadon.
thum: pc. thim.
thumil: sa [x] êngg. pc. sadumil (sathithik bangêt).
thumuk-thumuk: pc. mlaku alon sêmu ngati-ati; kc. kêthumuk.
thumukul: br. tuwuh, thukul.
thunthêng: irêng [x]. irêng bangêt; saga [x]: saga têlik.
thung: I kn. pêpindhan swaraning kêndhang, saèm. dhung. II di-[x]-ake kn. diathungake, dituduhake.
thungul: mak [x] pc. sanalika mêncungul.
thung-thung: êngg. kc. kc. thuh-thuh.

thur: kn. cur; di-[x]-i: dicuri.
thus: I mak [x] pc. katêranganing apa-apa sing mlêthèk lsp. II êngg. pc: ngêlokake yèn mèh kêna.
thut: pc. pêpindhan swaraning somprèt lsp.
thuthuk: kn. barang sing atos sing dianggo ndhêdhêg lsp; di-[x]: didhêdhêg nganggo barang sing atos.
(thuthul): di-[x] êngg. pc. dithothol.
thoyung: pc. adhuh biyung !
thok: I mak [x] kn. pêpindhaning swara nuthuk lsp; kc. thothok. II kn: ora nganggo wuwuhan liyane; up. sêga [x]; kc. thok-thok, thothok.
(thokêr): di-[x](i) kn. dithokèr(i).
thoklak-thaklik: kn. oyag-ayig, oklak-aklik.
(thok-lèh): di-[x] pc. dicogêmol, didakwa (diarani ala) tanpa tèdhèng aling-aling.
thoklèk: êngg. coklèk.
thoklo: kn. sèngklèh mêngisor tmr. sungu kêbo.
thokol: kn. 1 pc. thukul; 2 pranakan tmr. jaran; [x]-an: 1 sêmèn, thikilan; 2 thikilan kacang ijo, taoge; kc. thukul.
thokor: êngg. ks. cokor.
thokrak: êngg. pc. wis tuwa bangêt.
thok-thêl: pc. 1 thok, thokthok; 2 rêga mati.
thok-thok: pc. thok.
thok-wèl: pc. mèlu-mèlu cawe-cawe; kc. cathok.
thol: pc. le, thole.
tholang-tholang: kn. katon dawa tlalangan.
thole: kn. panyêluk marang bocah lanang.
tholo: I kacang [x] kn. isi kacang lanjaran. II [x]-[x] pc: katon gundhul klimis.
thol-tholan: kn. agahan ênggone nothol; kc. thothol.
thonthongan: êngg. kênthongan.
thonthor: kn. 1 tendha kreta, kêkêp lampu; 2 diyan nganggo kêkêp.
thongkrang: êngg. pc. congkrang.
thonglang-thonglang: kn. tholang-tholang.
(thongol): hase katon mênthungul; di-[x]-ake êngg. pc: dituduh minangka dadi sêsulih; [x]-an: sêsulih, wakil.
thongthongan: êngg. pc. kênthongan.
thongthong-sot: kn. ar. mêmêdi (setanan).
thor: kn. pêpindhan swaraning kêstul lsp.
thorok-thorok: pc. therok-therok.
thosol: êngg. kiyêng, rosa.
thot: pc. pêpindhan swaraning somprèt lsp.
thothit: kn. ar. mainan nganggo kêrtu cilik; (bangku) [x]-an: bangku cilik pêsagi sikile cêndhèk.
thothok: I kn. 1 kulit sing atos tmr. bulus, yuyu lsp; 2 gêgêring dlamakan ut. èpèk-èpèk. II di-[x] kn: dithuthuk nganggo tangan sing katamakake gêgêring athik-athikan driji. III pc: thok (ngêmungake).

(thothol): di-[x](i) kn. 1 dicucuk sarta digondhol (dipangan); 2 pc. dicolong, dislingkuhake; [x]-an pc: pangan, panganan.
thowok, thowong: ni [x] kn. ar. dolanan nganggo siwur tuwin icir disandhangi dientha wong banjur dibuwang ing papan sing angkêr supaya kêsusupan dhêmit.
thowong: êngg. cowong.
(thrathak): I pating [x], [x]-an kn. 1 tansah nywara thak-thak; 2 pating tlalang sarta nywara thak-thak (up. gèntèr digèrèd). II [x]-an pc: thak-thakan, clandhakan.
thrèkèl: pating [x], [x]-an pc. padha mènèk kêthekelan; kc. thèkèl.
(thrèthèk): nrèthèk êngg. takon-takon diurut saka saomah.
thrèthèl: pating [x] kn. katon padha thèthèl.
thrêthêk: pating [x], nrêthêk pc. padha ndhrêdhêg untune gêtêr agathik.
(thrithik): nrithik, [x]-an kn. kumudu-kudu nyênyêkêl apa-apa.
thruthuk: sêpur [x] kn. sêpur sing kêrêp mandhêg (sabên sêtatsiyun diampiri); nruthuk: mampir (sanja) ana ing êndi-êndi.
thruthus:, pating [x], [x]-an pc. padha têka pating glibêd.
thronthong: pating [x] kn. katon padha bolong tmr. gêdhèg lsp; di-[x]: dislowèri (dibolong mujur) tmr. pring sing dianggo cagak, usuk lsp.
throngol: pating [x] pc. padha mênthongol; kc. thongol.
throthokan: kn. ar. manuk.

W

wa: I pc. uwa. II pc: wah ! III êngg. kn: 12½ gèdhèng.
wab: pc. uwab.
wabakda: [x] saking punika br. lan sawise kang kasêbut (dianggo bêbukaning layang kiriman).
wada: I kn. cacad, pêpoyok; mênêng [x] ulêrên pr: laire bêcik, nanging ngandhut karêp ala; dhêndha [x] br: pisrêngên; di-[x], diwadani: 1 diwaoni, dicacad; mada kawongan pr: nacad nanging sajatine isih dhêmên; wadanan: 1 poyok-poyokan; 2 jênêng pêpoyok. II (S) kw. ak: gunêm, têmbung, pangucap.
--- 652 ---
wadaka ~ wahèl.
wadaka: (S) kw. ak. alangan, rêridhu, pituna; ka-[x]: 1 kêna ing alangan (rêridhu); 2 konangan, kawanguran.
wadal: kn. 1 êngg. dhuwit minangka gêgêntine pagawean aradan; 2 ak. pajêg kang katur marang panjênêngare ratu; 3 apa-apa sing dianggo bêbantên (tawur) kawènèhake marang sing mbau-rêksa lsp; di-[x]-i: diwènèhi wadal.
wadana: (S) 1 kw. cangkêm, rai; 2 pangarêp; 3 kn. pangarêp (panggêdhe) ning gêgolongane priyayi; 4 panggêdhening kadhistrikan; diwadanani: dipangarêpi.
wadari: kw. ak. taman, patamanan.
wadad: (A) kn. ora nglakoni bêbojoan.
wadata: kw. ak. 1 endah, ayu; 2 kalangênan.

wade: kn. jarit, ikêt lsp. sing isih dadi dagangan; dipun [x] êngg. k: diêdol; [x]-an êngg. k: dodolan; ka-[x]-an (kuwadean) kn: bakul wade.
wadêr: kn. ar. iwak kali, arane warna-warna, kyt [x] pari, [x] cethul lsp.
wadêr bang: kn. iwak mas.
wadi: n. wados k. 1 êngg. kang sajati, kang baku (pêrlu dhewe); 2 êngg. dununging kaapêsan; 3 (prakara) dikêkêr ora diwêdharake marang liyan; di-[x]: dikêkêr, dianggo wadi.
waditra: (S) kw. ak. gamêlan, têtabuhan.
wadu: I (S) kw. wadon. II kw: prajurit, bala.
wadu aji: kw. abdining ratu.
wadul: kn. nyritakake ênggone dilarakake atine lsp. supaya dimrinani; di-[x]-i: dikandhani kaya kang kasêbut; di-[x]-ake: dikandhakake marang liyan; para [x]-an: sênêng wadul.
wadung: kn. bngs. pêthèl gêdhe.
wado, wadwa: kw. prajurit, bala.
wadok: pc. wadon.
wadon: n. èstri k. putri ki: kb. lanang; madon; royal sahwat; diwadokake: dianggêp wong wadon, dirèmèhake; [x]-an n. èstrèn k: 1 sing wadon (tmr. kewan sing dijodhokake); 2 pêpêthaning wong wadon ing wayang; 3 uliran sing dilêboni sêkrup.
wados: k. wadi.
wadwa: kw. prajurit, bala.
wadwan: kw. ak. wadon.
wadya: (-bala) kw. prajurit.
waja: 1 n. waos k. bngs. wêsi atos; 2 ki. untu.
wajah: kn. ak. rai.
wajan: kn. piranti panggorengan sing digawe waja (wêsi).
(wajang): di-[x]-i kn. dilakèni; [x]-an: lêlakèn.
wajar: kn. tanpa dibumboni (diuyahi).
waji: (S) kw. ak. jaran.
wajib: (A) kn. 1 kudu nindakake (nglakoni); 2 prakara sing kudu ditindakake (dilakoni); 3 (sing [x]) sing duwe wêwênang (hak), sing kawogan (kêjibah); 4 dhuwit opahan marang wong sing ndongani; di-[x]-i: diwènèhi wajib, dipasrahi, ditanggênah; di-[x]-ake: dikudokake nglakoni (nindakake), dipatah.
wajik: I kn. ar. panganan sing digawe kêtan karo gula; [x]-an: maju têlu. II 1 êngg. kn. sikil jaran; 2 kw. jaran.
wajir: 1 - e êngg. pancène, [x]-an: pêpancèn. II (A) kn. ak. patih.
wajra: (S) kw. ak. 1 intên, 2 blêdhèg; 2 tumbak landhêpe lima; kc. bajra, braja.
wajraprakara: (S) kw. ak. bètèng, cêpuri.
wadhag: kn. 1 kasar, ora alus (lêmbut); 3 raga, awak.
wadhah: kn. apa-apa sing dianggo rêrumat (simpên, nyèlèhake lsp); di-[x]-i: dilêbokake (disimpên lsp) ing wadhah.
wadhang: kn. wayu (tmr. sêga); madhang n. nêdha k. dhahar ki: mangan sêga; di-[x]-ake: diwayokake (tmr. sêga).

wadhas: êngg. kn. padhas.
wadhe: êngg. kn. wadhèh.
wadhèh: kn. 1 ngêblak (ora ditutup prêmati), wis kawêruhan ing akèh (tmr. wadi); 2 cêblèh, cêmplang; 3 jêlèh, bosên; di-[x]-ake: diwalèhake, diblakakake, diwiyak (tmr. wadi).
wadhih: êngg. kn. jêlèh, bosèn; kc. wadhèh.
wadhu: (h) pc. sabawa nelakake gumun lsp.
wadhuk: kn. 1 wadhah (pangêjuran) pangan ing jêron wêtêng; 2 ks. wêtêng; 3 blumbangan lsp. tandhon banyu; [x] bêruk ks. ludhuk (akèh tadhahe).
wadhoh: êngg. kn. wadhah.
wadhong: êngg. kn. 1 bngs. wuwu (icir) gêdhe; 2 kranjang diisèni wêdhi (lêmah) dianggo mbêndung lsp; kc. badhong.
wae: pc. bae.
waela: kw. ak. wong wadon.
waelul-naraka: kn. blêthoking naraka.
waerut: êngg. kn. garut.
wafat: (A) kn. ak. mati.
wagal: kn. ar. iwak loh.
wage: kn. ar. dina pasaran.
wagêd: I êngg. kn. wakêd, têkan ing. II êngg. k: bisa.
wagêl: kn. 1 pêpalang (kang ngêndhêg-êndhêgi); 2 êngg. cacading wêwatakane jaran; kc. magêl.
wagya: br. wage.
wagu: kn. 1 kêladuk gêdhe (tmr. wêwangunan, ora luwês); 2 êngg. pc: kau.
wagugên: kw. kewuhan, susah.
wagus: kw. ak. bagus.
wagra: kw. ak. macan.
wah: I pc. sabawa nelakake gumun, wêgah lsp. II 1 kw. wuwuh; 2 êngg. kn. tur, wuwuh-wuwuh. III kw. ak: woh. IV kw. ak: banjir; kc. wawahan.
waha: (S) kw. ak. nunggang, tunggangan.
wahana: (S) kw. 1 tunggangan; 2 katêrangan têgêsing impèn, ngalamat lsp; diwahanani: ditêrangake, ditêgêsi, dingalamati; mahanani: mratandhani yèn ...
wahdaniyat: (A) kn. ak. sawiji (sipating Allah).
wahdat: (A) kn. ora nglakoni bêbojoan.
wahèl, wahgèl: (W) kn. dhuwit pêpancèn marang punggawa nêgara lsp. sing dilèrèni (isih ngêntèni lowongan); di-[x]: dilèrèni sawêtara mangsa (ngêntèni lowongan).
--- 653 ---
wahil ~ walak.
wahil: kw. ak. pêpoyok, poyok-poyokan.
wahini: I kw. ak. putri. II kw. ak: prajurit, wadya-bala.
wahing: êngg. kn. waing.
wahiri: kw. ak. mèri.

wahita: (S) kw. ak. apus; di-[x]: diapusi.
wahya: (S) kw. wêtu, wêdhar, kêlair; diwahyakake: diwêtokake, diwêdharake, dilairake.
wahyadyatmika: (S) kw. ak. kang katon ing lair (wadhag) lan kang gaib (batin, alus).
wahyaka: (S) kw. ak. lair, ing jabane, wadhag.
wahyu: (A) kn. wêdharaning Allah mungguhing prakara gaib; 2 pulung nugrahaning Allah; kêtiban [x]: olèh pulung nugrahaning Allah (bakal dadi luhur lsp).
wai: kw. ak. banyu.
waila: kw. ak. wong wadon.
waing: kn. sigra ki. nggêbrès (marga krasa kêri ing irunge).
waita: kw. apus; kc. wahita.
way: kw. ak. banyu.
wayah: I n. wanci k: 1 wêktu (ing dina), up. [x] awan; 2 mangsa, wêktu, up. wis [x]-e mangan, wis [x]-e omah-omah. II ki: padu.
wayang: I ([x]-an, wêwayangan) kn. rêrupan sing kêdadean saka barang lsp. sing kêtaman ing sorot (pêpadhang); wêdi ing [x]-ane dhewe pr: tansah ngandhut sumêlang marga duwe tindak sing ora bênêr. II n. ringgit k: 1 pêpêthaning wong lsp. sing digawe wlulang (kayu, dluwang) dianggo mujudi crita (lêlakon); 2 lêlakon sing diwujudi pêpêthan kang kasêbut (dianggo tontonan); 3 wong sing mung dadi piranti (satandang-tanduke dilakokake ing wong liya); mayang: nglakokake wayang; di-[x]-ake: dilakokake kaya wayang; [x]-an: nganakake (nanggap) tontonan wayang. III kn: daging ing gulu (tmr. sapi lsp).IV mayangi kn: 1 mubêng-mubêng apuyêngan; 2 solah tingkahe kaya wong edan (wong mbanyaki). V kn: ar. wuku kang kaping 27.
wayang bèbèr: n. (ringgit - k). mori digambari wayang dipitongtonake sarana dibèbèr banjur dicritakake.
wayang gêdhog: n. (ringgit - k): wayang sing nyritakake lêlakone Panji.
wayang golèk: (-thêngul) n. (ringgit - k): wayang kang awujud golèk.
wayang klithik: (-krucil) n. (ringgit- k): wayang sing digawe kayu diwangun saèm. wayang wlulang, nyritakake lêlakone Damarwulan.
wayang kulit: (-wlulang) n. ringgit kulit (-wacucal) k: wayang sing digawe wlulang, nyritakake lêlakon ing jaman purwa (para Pandhawa).
wayang madya: n. (ringgit - k): wayang kulit nyritakake lêlakon ing antarane jaman purwa karo crita anyar.
wayang purwa:n. (ringgit - k): wayang wlulang.
wayang potèhi: (- titi, - cina) n. (ringgit - k): wayang golèk nyritakake lêlakon Cina.
wayang-wuyungan: kn. ora karuwan solah-tingkahe dening bingung lsp.
wayang wong: n. ringgit tiyang k. wayang sing dadi wong (njogèd sarta digamêli).

wayawak: kw. ak. mênyawak.
wayawya: kw. ak. lor-kulon; kc. byabya.
wayu: kn. 1 wis kêlêtan sawêngi ut. luwih (tmr. panganan lsp); 2 wis kasèp (lungse) tmr. kabar; diwayokake: diingu nganti wayu.
wayuh: kn. duwe bojo (ent. guru, pagawean lsp) luwih saka siji; di-[x]: dirangkêp tmr. bojo (ent. guru, pagawean lsp).
wayungyang: kn. bêlang (plonthang) tmr. ulêsing asu.
(wayungyung): di-[x] kw. ditlikung, diêrut.
wayoh: êngg. kn. wayuh.
wayon: I êngg. kn. wayuh. II kn: panganan lsp. sing wis wayu; kc. wayu.
wak: I pc. wa, uwa. II kw: awak. III (S) kw. ak: gunêm, ujar.
wakaf: (p) (A) kn. yêyasan sing dianggo dana-driyah (darma); di-[x]-ake: didanakake, didarmakake.
wakbajra: (S) kw. ak. (landhêp têmbunge) saujare dadi.
wakêd, wakês: êngg. pc. watês.
wakil: (A) kn. 1 êngg. sêsulih, gêgênti; 2 sêsulih nindakake pagawean (kawajiban) ing liyan; di-[x]-i: 1 disulihi; 2 ditindakake kawajibane (pagaweane) minangka dadi wakil.
wakya: (S) kw. ak: gunêm, têmbung.
wakul: kn. cêthing gêdhe; dikêpung [x]: [x]:[1] dikêpung kanthi rapêt; katon cêpaka sa-[x] pr: disênêngi wong akèh.
waksa: (S) kw. ak. dhadha, susu.
waksudha: (S) kw. ak. bumi.
wakta: (S) kw. ak. gunêm, têmbung; ma-[x]: clathu, gunêman.
waktan, waktanên: kw. kocapa, kacarita.
waktu: (A) n. wêktu.
waktra: (S) kw. ak. 1 cangkêm, rai; 2 pangarêp.
(wakca): di-[x] êngg. kn. diblakakake, diwalèhake; kc. wêca.
wak-wakan, wak-wèkan: pc. gunêman sarwa sêru.
wak-wik: pc. uwak-uwik.
wal: pc. uwal.
wala: I êngg. kn. gaganging janjangan krambil. II (ut. walan) kn: pawèwèh (panganan lsp) marang lurah tabon (lurah patuh). III (S) kw: bocah; sabuk [x] kn: bêbêdan jarite sing saparo dianggo sabuk. IV kw. ak: bala.
walah: I ([x] tobat) pc. sabawa nelakake ngungun lsp. II malahi kn: angèl diêrèh, ora miturut; kê-[x]-an (kuwalahan) rada kalah, wêgah dening rumasa rada kalah.
walahar: kn. wlahar, lahar.
walaya: (S) kw. ak. gêlang, kêlat-bau.
walak: I êngg. kn. pêpacuh, wêwalêr. II [x]-[x] kn: sesa-sesa, mung gumantung marang.
--- 654 ---
walaka ~ walon.
walaka: (S) kw. 1 bocah; 2 blaka, barès, wantah.
walakang: kn. wlakang, lakang.

walan: kn. pawèwèh (panganan lsp) marang lurah tabon (lurah patuh); kc. wala.
Walanda: n. Walandi k. wong Eropah asal saka Nedêrlan.
walanja: êngg. kn. blanja.
walanjar: kn. wlanjar, wulanjar, lanjar.
walantaga: kw. ak. bêndera putih.
walantên: (ut. pamalantên) kw. ak. tukang mutih (ngumbahi).
walang: kn. ar. kewan gêgêlitan jinise warna-warna, kyt. [x] sangit, [x] godhong lsp; dadi sa-[x]-[x]: ajur, rêmuk; kutu-kutu [x] antaga br: sakèhing kewan gêgrêmêtan lan rumangkang; wêruh cos (gêcos) [x] tatune pr: nyipati raja-tatu.
walang-ati: (-atèn) kn. sumêlang, kuwatir.walang gambuh kn. ar. walang sing wadon luwih gêdhe tinimbang karo sing lanang; malang gambuhi: bêbojoan sing lanang kalah gêdhe karo sing wadon.
walang-kadhak: kn. ar. manuk bngs. trêmbayak; malang-kadhak: mêthènthèng.
walang-kayun: (-kapti, -karêp, -kajêng, -tyas) br. walang-ati.
walang-kapa: kn. bngs. bajing gêdhe mawa kulit kaya klarap.
walang sangit: kn. ar. walang cilik-cilik dadi amaning pari.
walang-sangkêr: kw. pakewuh, apa-apa sing ngrigoni.
walang-slênthikan: kn. sikile kang buri kêjêng tmr. jaran.
walang slisik: ora ana [x] br. nyênyêt bangêt (ora ana swara apa-apa).
walang-walang: kw. mêlang-mêlang, sumêlang.
walat: kn. daya sing njalari kacilakan (marga nyênyamah wong tuwa, panggonan suci lsp); malati: (yèn dicamah) njalari kacilakan; kê-[x] (kuwalat): kêna ing walat.
walatkara: (S) kw. ak. ambêk siya, kaniaya.
wala-wala kuwata: (ila bilah) kn. 1 Gusti Allah maha kuwasa! (dianggo sabawa, nyêbut); 2 êngg. muga pinaringana kuwat.
walèh: I kn. blaka; di-[x]-ake: diblakakakake; kc. wêlèh. II êngg. kn: bosên, jêlèh; kc. wadhèh.
walepa: (S) kw. cênthula, ladak, umuk.
walêd: I kn. nêb-nêban lêndhut sing katut ilining banyu; [x]-an: lêmah asal saka walêd. II (ut. [x]-an) kn: tandhêgan pambayaran; kê-[x](-an): kêtandhêg durung asok (mbayar).
walêk: êngg. kn. mungkul, mligi, ngijèni.
walêr: I (ut. wêwalêr, [x]-an) êngg. kn. larangan, pêpacuh; di-[x]-i êngg: 1 dilarangi, dipacuhi; 2 diwatêsi. II [x]-an kn: wêdêlan, jêroan iwak.
walês: (ut. wêwalês, [x]-an) kn. gêgêntining tindak kalakuan sing wis dilakoni; di-[x]: diwènèhi wêwalês, gênti di ...
walêsan: I kn. garan sing mêntul (pancing, kala lsp). II kn: 1 wêwalês; 2 êngg. jawaban, wangsulan; kc. walês.
walgita: kw. layang, tulisan.
wali: I êngg. kn. bali; [x]-[x]: kêrêp, bola-bali, ambal-ambalan. II kn: bngs. pangot cilik pucuke lancip (dianggo ngukir, nulis ing lontar lsp). III kn: sêsulihe pangantèn wadon ing nalikane diningkahake. IV (ut.

waliyullah) (A) kn: wong suci, wong Islam sing mêncarake agama Islam (ing tanah Jawa).
walija, wlija: êngg. kn. bakul pêpara.
walih: êngg. k. manèh.
walik: kn. 1 raèn (lumah) kang ana ing sisih liyane (ngisore); 2 (ut. di-[x]) sing ana ngisor (ing jêro) diingsêr gênti ana ing dhuwur (ing jaba); 3 kc. walik-dadah; di-[x]: diwluku sing kapindho: kc. malik, kuwalik.
walikat: kn. balung enthong-enthongan (têrusane bau).
walik-dadah: kn. ngurut kang mêntas duwe anak sing wêkasan (bakda sêlapan dina).
walik-dami: (-damèn), walikan êngg. kn. nandur pari sing kapindhone (ing mangsa katiga).
walik gêrèh: pc. diwalik barès bae (tmr. barang sêmbêt supaya katon anyar).
wali hakim: kn. pangulu sing dadi wali (marga waline pangantèn wadon ora ana).
walimakukun: kn. ar. wit.
walimah: (A) kn. kêndurèn paningkah (sabakdane pangantèn kêtêmu).
wali mujbir: kn. bapa ut. êmbah lanang (wênang ngomah-omahake sênadyana bocahe wadon ora gêlêm).
waling: kw. panyana, panggagas; di-[x]: digagas, dipikir, dinyana.
walira: kn. wlira, lira.
walirang: kn. wlirang, lirang.
waliwis: kw. ak. mliwis.
walya: br. wali.
walyan: kw. ak. dhukun.
walkala: (S) kw. klikaning wit (sandhanganing para ulah tapa).
walkaladara: (S) kw. ak. (nganggo klika) ulah tapa, pandhita.
walkali: (S) kw. ak. pandhita tapa.
wallaba: (S) kw. ak. sih, kêkasih.
wallahualam: (A) kn. (lan Gusti Allah kang priksa) êmbuh.
walu: I kw. ak. wrandha, dhudha. II kw. ak: bali; kc. waluya. III kw. ak: waluh.
waluh: kn. ar. woh bngs. labu gêdhe, jinise warna-warna kyt: [x] kênthi, [x] bokor lsp.
waluya: kw. 1 bali; 2 pulih, mari, waras; diwaluyakake: dipulihake, dimarèkake, dibênêrake.
waluka: (S) kw. ak. wêdhi.
waluku: kc. wluku.
walulang: n. wacucal k. kc. wlulang.
walun: kn. sêmbêt lèmèking bayi ing nalikane didadah (diguyang, didandani).
(walungsung): kn. kc. wlungsung.
walur: kn. ar. têtuwuhan bngs. suwêg.
waloh: êngg. kn. waluh.
walon: êngg. kn. walun.
--- 655 ---

wal-wèlan: kn. wèl-wèlan.
wal-wèl: pc. katêranganing mangan (ngêmplok) kêrêp.
wal-wil: pc. jowal-jawil.
wama: (S) kw. ak. kiwa.
wan: pc. uwan.
wana: k. alas.
wanadesa: (S) kw. ak. wêwêngkoning alas.
wanadri: (S) kw. (alas lan gunung) alas gêdhe.
wanah, wanêh: kw. ak. warêg.
wanakirun: (A. Nakir wa Nakirun). ar. malaekat kang tunggu kubur.
wanantara: (S) kw. (têlênging alas) alas gêdhe.
wanara: (S) kw. kêthèk.
wanari: (S) kw. kêthèk wadon.
wanawasa: (S) kw. 1 dêdunung ing alas; 2 alas gêdhe.
wanda: 1 kw. awak; 2 kn. sêsipatan wujuding wayang; 3 êngg. dhapur, wujud wangun; 4 (wanda) peranganing têmbung sing muni sakêcap.
wandawa: kw. sanak sêdulur.
wande: k. 1 warung; 2 êngg. wurung; 3 êngg. waru.
wandera, wandira: kw. wringin.
wandita: (S) kw. ak. pinunjul, endah bangêt.
wandu: kn. ora lanang, ora wadon.
wandu-wandawa: (-warga) kw. sanak sêdulur.
wandya, wandhya: (S) kw. ak. wurung, kliru.
wanèh: kw. seje, liya; kc. wênèh.
wanèn: n. purunan k. kêndêl; kc. wani.
wanên: pc. uwanên.
wani: n. purun . 1 duwe kakêndêlan, ora wêdi; 2 ([x] karo, [x] marang) ora ngajèni marang; [x]-[x]: 1 kumêndêl, ambêk wani; 2 kn. ar. gêndhing; diwêwani: digêgasah supaya wani; kawanèn: kakêndêlan.
wani angas: kn. katone wani nanging sajatine ora.
wanita: (S) kw. (wong) wadon.
wanu, wano: kw. ak. desa.
wanudya, wanodya: kw. (wong) wadon.
wanuh: kn. 1 wis têpung, wis pundhuh; 2 kulina; manuh: wis kulina, wis dadi padatan (marga kêrêp nindakake); di-[x]-ake: 1 ditêpungake karo; 2 (ut. diwêwanuh) dikulinakake; ka-[x]-an: têpungan, mitra karuh.
wantah: kn. 1 tanpa kacampuran apa-apa; 2 barès, blaka, pasaja (tanpa disamun lsp); 3 (sa-[x]-e) kang salugu (sanyata); (wê) [x]-an: 1 tanpa nganggo campuran apa-apa; 2 katon kaya ing salugune.
wantawis: pc. watawis.
wantèg: kn. 1 kukuh, bakuh; 2 ora luntur (tmr. warna); 3 ora molah-malih.
wantèhan, wanteyan: kw. têrang, wela-wela.
wantèn: êngg. kn. wantèg.
wantèr: êngg. kn. bêdhiyan.

wantêr: kn. mêmpêng, kêndêl, bantêr.
(wanti): [x]-[x] n. wantos-wantos k. 1 kêrêp, wali-wali; 2 kanthi têmên-têmên tmr. piwêling ut. pitutur; di-[x]-[x] êngg: diwêling wanti-wanti.
wantilan: kn. (saka) cêncangan gajah.
wanting: (ut. wêwanting) kn. wisuh (tangan) dikipat-kipatake; di-[x]: 1 êngg. disabêt-sabêtake ing watu lsp. (tmr. kumbahan, wasuhan); 2 br. dibanting.
wantingan: êngg. k. kêndhi.
wantu: I [x]-[x] kw. kêrêp, ambal-ambalan; ma-[x]([x]): tanpa kêndhat, kêrêp; winantu br: winuwuhan, ditambahi; kc. wanti. II kn: (banyu [x]) wedang sing digênèni disandhingake dandang ing nalikane adang; diwantoni: disirami (diwuwuhi) banyu wantu (bêras sing diêdang). III kn: (watak [x]) watak sarta dhasaring wêwatakan; wantune: (kagawa saka watake ...) ing sarèhne. IV êngg. k: wani.
wantun: êngg. k. wani.
wantos-wantos: k. wanti-wanti.
wantya: br. wanti.
(wancah): I di-[x](i) kn. 1 diwaoni, diwada; 2 dipaido. II di-[x] kn: ditugêl (dicêkak) tmr. têtêmbungan; [x]-an: (têmbung) tugêlan (cêkakan).
wancak: kw. walang; mancak kn: golèk walang.
wancah-driya: (-galih) kw. walang-ati (sumêlang).
wancak-suji: kn. pancak-suji.
wancana: kw. bêncana.
wanci: I kn. lageyan sing dadi cacad tmr. jaran; ciri [x] lêlai ginawa mati pr: cacad ala ora bisa mari; diwancèni: diwancahi, dicacad, diwada. II wancine êngg: pancène, adate, lumrahe. III k: wayah; sa-[x]-[x] kn: samangsa-mangsa. IV n. wancos k. êngg: wadhah kinang. V êngg. kn: panci.
wanthèn: êngg. pc. wanèn (kêndêl).
wanwa: kw. ak. desa.
wang: I kn. peranganing rai ing sangisoring pipi; [x] malang: wang sing mêlar ngiwa nengên (katon njêbèbèh). II kn: 1 êngg. pc. dhuwit; 2 10 dhuwit (8½ sèn); sangang [x]: 75 sèn.
wangan: kn. kalèn ing sawah, sidhataning kali.
wangbang: kw. ak. bambang.
wangèn: kn. dicampuri wêwangi, up. rokok [x]; kc. wangi.
wangên: (ut. wêwangên, [x]-an) kn. wêwatêsing mangsa (wêktu); di-[x](i): diwatêsi wêktune (suwene).
wangi: kn. 1 ambu kang sêdhêp (arum); 2 (ut. wêwangi) br. aran, jênêng.
wangkal: kn. 1 wangkod; 2 ora gêlêm nggugu (miturut) marang pitutur bêcik.
wangkang: kn. prau Cina.
wangkawa: kw. teja, sorot, kluwung.
wangke: kw. bangke.
wangkid: êngg. kn. watês.

wangkidan: (êngg. k) ki: kuluk.
wangkil: kn. bngs. cethok dianggo matun lsp.
wangking: kn. mêrit cilik (tmr. bangkekan); di-[x] ki: disêngkêlit; [x]-an: 1 êngg. bangkekan; 2 ki. kêris.
--- 656 ---
(wingkis) ~ warigagung.
(wingkis): di-[x] kn. ditrapi wlulang (tmr. kêndhang, lsp).
wangkong: kn. tangkêpaning bokong; mbiyak [x] pc: ngandhakake wadining liyan; nggêpok [x] pc: omong-omongan nyandhak cacad (wadi)ne sing diajak omong.
wangkot: kn. ora nurutan.
wangkring: êngg. kn. pikulan nganggo cagakan (sikilan); kc. angkring.
wanglu: kw. kêmiri sikil.
wangun: kn. 1 sêsipataning wujud (tmr. omah lsp); 2 kaanan wujuding barang (kyt. bundêr, lonjong lsp); 3 kaanan sêsipataning pawakan; 4 cocog karo wandane (sing dipêtha, kaanane sing têmênan); [x]-e pc: ayake, èmpêre kaya, sêmu-sêmune kaya; di-[x]: 1 digarap (dicithak lsp) supaya wangun; 2 diwujudake (dipêtha) kaya; 3 ditata (digawe) tmr. nagara lsp; [x]-an: 1 pêpêthan, wêwujudan sing diwangun; 2 (ut. wêwangunan) omah, bale, yêyasan; kc. mangun.
wanguntur: kw. papan (sing dhuwur) palênggahaning ratu yèn sinewaka; kc. manguntur.
wangur: I kn. wêngur. II kê-[x]-an êngg. kn: konangan.
wangon: kauban [x] kn. kauban omah (payon).
wangsa: (S) kw. sanak sêdulur, brayat.
wangsaja, wangsajati: (S) kw. ak. darahing wong luhur.
wangsal: êngg. kn. bngs. kêpis.
wangsalan: kn. têtêmbungan ing ukara sing disamun saèm. cangkriman, jawabe (batangane) kasêbut ing ukara candhake mung dicangking wandane bae, up. roning mlinjo (= so) sampun sayah nyuwun ngaso (= nga-so).
wangsi: kw. ak. suling.
wangsit: kn. 1 pituduh, piwêling; 2 wêdharing dewa lsp. sing diwisikake; di-[x]: 1 diwêling, dikêthik; 2 diwènèhi wangsit (wisik); wêwangsitan: kêkêthikan.
wangsul: I k. 1 bali; 2 êngg. balik; 3 êngg. walik. II di-[x]-i kn. disauri, dijawab, dibalêsi; [x]-an: jawaban, balêsan.
wangwa: êngg. kn. mawa.
wangwang: I di-[x] êngg. kn. disawang, ditamatake; kc. wawang. II kw: awang-awangên, gojag-gajêg. III kw: banjur, nuli.
wangwung: I kn. kuwawung. II kn: suwung, tanpa isi apa-apa.
wau: I k. mau. II êngg. kn: kau, wagu.
waudadi, waodadi: kw. sêgara.
waung: êngg. kn. baung.
Wauta: br. kocapa (bêbukaning crita).
waon: (ut. [x]-an) kn. sênêng mada (nacad); di-[x]-i: diwancahi, dicacad.

waos: I k. 1 waja; 2 untu; 3 tumbak. II dipun [x] k: diwaca; [x]-an k: wacan.
wapat: (A) kn. ak. mati.
wara: I kn. gunêm; mung [x] bae: mung gunêm (têmbung) bae tmr. janji, totohan lsp; kc. biwara, wara-wara. II êngg: hara (dianggo ngantêpakae[2] surasaning ukara). III (S) kw: 1 linuwih, endah bangêt; 2 putri, sêsêbutane putri. IV (S) kw. ak: 1 pêpanthan, gêgolongan; 2 cacah, wilangan, petungan; 3 dina.
warabrata: (S) kw. ak. bantêr tapane.
warada: (S) kw. ak. sih.
waradin: k. warata.
warajana: (S) kw. ak. wong linuwih.
waragad: kn. kc. wragad.
waragang: kw. arak, tuwak, badhèg.
warah: (ut. wêwarah) kn. pitutur, pituduh bab pratikêl nindakake; di-[x](i): 1 dituturi, dikandhani; 2 diwulang, diwuruki; 3 didhisiki ênggone pêpadon lsp; kc. marahi.
waraha, warahika: (S) kw. cèlèng.
warayang: kw. panah.
warak: kn. ar. kewan akulit kandêl sarta nganggo cula.
warakanya, warakanyaka: (S) kw. ak. prawan ayu.
warana: kw. kêlir, slintru, aling-aling; kc. wrana.
warandha: kn. randha.
warang: I lara [x] êngg. lara panas. II êngg. kn: mara-tuwa. III [x]-an kn: ar. jasad sing bisa matèni sok dianggo ngumbah kêris lsp; di-[x](i): dikumbah (dipatèni) nganggo warangan. IV kw: pacangan; di-[x]-ake: dipacangake, dijodhokake.
waranggana: kw. widadari.
warangka: kc. wrangka.
warapsara, warapsari: kw. dewa (widadari) linuwih.
waras: I lêmah [x] êngg. palêmahan sing ora ditanduri; [x]-an: wantah, tanpa nganggo apa-apa. II n. saras k. sênggang ki: 1 pulih mari lara; 2 ora lêlaranên; ora [x] ks: edan.
warastra: (S) kw. gêgaman, panah.
waras-wiris: n. saras-siris k. ora lara apa-apa.
warata: n. waradin k. kc. wrata.
wara-wara: kn. 1 kandha-kandha marang; 2 undhang-undhang (awèh wêruh lsp); 3 adpêrtènsi.
wara-wiri: kn. wira-wiri.
warda: kw. kc. warada.
wardah: kw. tuwa; kc. wrêdha.
wardaya: kw. ati.
wardi: kw. têgês, makna, katêrangan; kc. wêrdi.
warèh: kw. banyu; kc. warih.
warèng: I kn. turune pitik kate karo pitik lumrah. II kn: turun sing kalima (anaking canggah); êmbah [x]: wong tuwane êmbah canggah.

warêg: n. tuwuk k. wis akèh (tutug) bangêt ênggone mangan; di-[x] (ake): diingoni (dipakani) nganti warêg.
warga: (S) 1 kw. gêgolongan, jinis; 2 kn. sanak-sêdulur; 3 kang nunggal jinis (golongan); 4 wong sing dadi gêgêlitaning pakumpulan.
wari, warih: (S) kw. banyu.
warid: kn. wirid, wêjangan ngèlmu gaib.
wariga: kw. ak. kidang.
warigagung: kn. ar. wuku sing kawolu.
--- 657 ---
warigalit ~ watêk.
warigalit: kn. ar. wuku sing kapitu.
warigaluh: kw. juru amèk iwak.
waril: kn. 1 aral, alangan; 2 pêpacuh (pêpali) yèn ditêrak njalari kacilakan.
waring: kn. 1 bngs. kadut alus (sok digawe jubah lsp); 2 bngs. jaring sing lêmbut pangêname.
waringin: kn. ar. bngs. prih.
waris: (ut. [x]-an) kn. (yèn nindakake pagawean lsp) tansah sêmpulur lan slamêt; ndhugal kê-[x]-an: sênadyan nindakake sing ora bêcik, ewadene tansah sarwa kêbênêran. II (A) kn: 1 wong sing wênang nampani tinggalane wong sing ajal; 2 anak sing wênang nggêntèni pangkate bapakne; 3 (ut. [x]-an) barang-barang tinggalane wong ajal; di-[x]: dibage (ditampani) tmr. barang tinggalan; di-[x]-i: diwènèhi warisan. III [x]-an êngg. k. lading; kc. marisan.
warya: I (S) kw. ak. linuwih, gêdhe. II (S) kw. ak: mungsuh, prajurit.
warna: n. warni k. 1 rupa; 2 coraking rupa (kyt. abang, kuning lsp); 3 jinis; 4 wujud, up. [x] dhuwit; [x]-[x]: rupa-rupa, beda-beda; di-[x]: 1 digambar, diwujudi, dipulas; 2 br. dianggit, dikarang, dicritakake; warnanên, kawarnaa br: kacarita, kocapa.
warnèn, warnèmên: (W) kn: wakil, isih durung têtêp.
warni: k. warna.
waru: kn. ar. wit.
waruju: êngg. kn. anak wragil.
warung: n. wande k. 1 bango ing sapinggiring dalan; 2 papan sing dianggo dodolan (pasar cilik); marung: dodolan ing warung.
warok: (ut. [x]-an) êngg. kn. wong sing kêdhot (jago kêrêngan).
warsa: (S) kw. 1 taun; 2 udan.
warsajaloda: (S) kw. ak. mêndhung.
warsaya: kw. taun; kc. warsa.
warsaka: kw. taun; pawarsakan: petungan taun lsp; kc. warsa.
warsi: br. warsa (taun).
warsiki: kn. kêmbang gambir.
warsita: kw. piwulang, pitutur; kc. wasita.
warta: n. wartos k. kabar, pakabaran; kulak [x] adol prungon pr: ngrungokake pakabaran saka ing kadohan; diwartani: diwènèhi kabar; diwartakake: dikabarake; ka-[x] br: misuwur, kondhang.
warti: br. warta.

wartos: k. warta.
warwang: kw. ak. warung.
was: I kn. sumêlang, kuwatir; kc. uwas, was-was. II di-[x]-ake pc: diawasake; kc. awas.
(wasa): [x]-[x] kw. kanthi pêksa; di-[x]-[x]: dipêksa-pêksa.
wasana: kn. pungkasan, têmahane; kc. wusana.
wasantatilaka: kw. ar. têmbang gêdhe.
wasata: (S) kw. ak. panguwasa.
wasesa: kw. 1 duwe wênang (panguwasa); 2 andharaning jêjêr (ing paramasastra); di-[x]: 1 dikuwasani, diwêngkoni; 2 dipilara, dipidana; kc. wisesa.
wasêh: kw. ak. wasuh.
wasi: (S) kw. pandhita tapa.
wasiyasat:kn. ak. pamêksa, ambêk siya, kaniaya..
wasiyat: (A) kn. 1 piwêlinging wong sing ajal sing kudu padha diestokake; 2 wêwarah tinggalane para lêluhur; 3 pusaka, tinggalan; di-[x]-i: ditinggali (diwènèhi) wasiyat.
wasir: (A) kn. ak. patih.
wasis: kn. 1 pintêr; 2 bisa; winasis br: wong pintêr.
wasita: (S) kw. pitutur, wêwarah, kandha.
waskitha: kw. awas, bisa wêruh marang prakara sing sinamar (batining wong lsp).
(wasuh): di-[x] kn. 1 dikumbah (tmr. barang sêmbêt); 2 pc. diujar-ujari, dipilara, diwêlèh-wêlèhake lsp.
wasundari: (S) kw. ak. bumi.
waspa: kw. luh.
waspada: n. waspaos k. 1 awas; 2 kanthi weweka; 3 waskitha; diwaspadakake: diawasake, ditamatake.
wasta: k. 1 aran; 2 jênêng.
wastu: (S) kw. têmên, nyata; taun [x] kn: taun lumrah (dudu taun wuntu).
wastra: (S) kw. sandhangan, jarit; [x] bêdhah kayu pokah pr: kêtaton nganti putung balunge; [x] lungsêd ing sampiran pr. kapintêran (niyat) sing ora ditindakake, lawas-lawas lali.
was-was: kn. sumêlang, kuwatir; kc. uwas.
wat: kn. uwat.
wata: (S) kw. ak. angin.
watak: kn. dhasaring bêbudèn; ora [x] pc: ora patut mungguhing ...; kc. watêk, wantu.
watang: kn. 1 êngg. gèntèr; 2 êngg. kayu prêbatang; 3 sodor, tumbak tanpa lêlandhêp; 4 êngg. garan, gagang; lêbar [x]: wayangan ing kraton ing dina malêm Ngahad; urang [x]: urang gêdhe; arêp jamure êmoh [x]-e pr: arêp kamelikane (enake), êmoh kêsangkut prakarane (kangèlane); nggêntèni [x] putung pr: nggêntèni priyayi sing ora duwe waris; nyambung [x] putung pr: ngrukunake wong cêcongkrahan; di-[x]: ditumbak ing watang; matang bubukên pr: nggugat nanging ora ditêrusake panggugate; matang tuna numbak luput pr: 1 kliru

pandakwane; 2 tansah jugar panjangkane (panggayuhe); [x]-an: 1 sodoran, tumbak-tumbakan; 2 garan tangananing traju lsp; 3 br. bêdudan.
watara: I n. watawis k. 1 pangira-ira; 2 kira-kira, duga-duga; sa-[x]: sathithik, ora gumathok kèhe; di-[x]: dikira, dikira-kira, diduga. II n. watawis k. êngg. pc: antara.
watawis: k. watara.
watêk: I kn. 1 dhasaring bêbudèn (kyt. drêngki, wêlasan lsp); 2 sipat, kaanan; [x]-e: 1 lumrahe, adate; 2 nganti, supaya; kc. watak. II di-[x] kn: diucapake (tmr. mantra, aji lsp).
--- 658 ---
III [x]-an êngg. kn: tracuking wluku; kc. batêk. IV kw: 1 golongan, pêpanthan, para ...; 2 kn. mêngku surasa angka (tmr. candra-sangkala), up. gêni [x] 3.
watês ~ wedya.
watês: kn. 1 kikis, kang dadi pungkasan (lêt-lêt, antara); 2 têkan ing, up. [x] dhadha; di-[x]-i: 1 dikikis, didokoki watês; 2 ditêtêpake pungkasane (êlêt-êlête); 3 diwangêni; [x]-an: 1 têtêngêr sing dianggo watês; 2 wangênan.
watêsan: êngg. k. sêmangka.
watgata: kw. tatu; ka-[x]: kêtaton.
wati: kw. sanggama; di-[x]: disanggama.
watir: n. watos k. pc. kuwatir.
watu: n. sela k. barang atos kêdadean saka panjêndhêling wlahar lsp; mbêguguk ngutha [x] (waton) pr: mbangkang ing parentah; nyathak njalu [x] pr: ngadhêp marang bêndara lsp. tanpa diundang; matu kn: atos kaya watu; di-[x]: diurug (diwrata) nganggo watu; watunên kn: lara nguyuh ing impêse ana barange atos (saèm. krikil).
watu bêras: n. sela uwos k. watu sing kropos (ora atos).
watu brani: n. sela brani k. watu sing isi daya panggèndèng.
watu gêni: n. sela api k. watu yèn dithithik bisa mlêtik.
watu-gunung: kn. ar. wuku kang kaping 30.
watu itêm: n. sela itêm k. watu irêng atos; ngêmpukake [x] pr: nggêgampang prakara sing angèl; ngêntèni timbule [x] pr: ngarêp-arêp prakara sing mokal.
watuk: kn. cêkoh ki. lêlara ing gurung njalari sêrak sarta nywara cêkrah-cêkrèh; matuki: njalari lara watuk; jamu [x]-an: tamba watuk.
watu kambang: n. sela kambang k. bngs. watu gropok yèn ana ing banyu kumambang.
watu karang: n. sela karang k. bngs. padhas ing sêgara; watu karangên n. sela karangên k: saèm. busik-busik ing êndhas.
watu kumalasa: n. sela kumalasa k. watu gedhe wrata.
watu lintang: n. sela lintang k: bngs. watu gamping sing pating kêrlip..
(watun): di-[x] kn. dibubuti sukête lsp. sing padha thukul ing tanduran.:
watu sumbul: n. sela sumbul k. watu sing lancip-lancip.

waton: kn. 1 pinggiraning ambèn (lincak); 2 (ut. wêwaton) pathokan, paugêran, pranatan; 3 nganggo paugêran (ukuran) ut. cacah sing dianggo paugêraning pamilang, up. 36 [x] 9 = 33 ([x] 10); 4 anggêr, up. mung [x] ngucap; maton; gumathok, mawa katêrangan (paugêran) sing nyukupi; di-[x]-i: dipathoki (ditêtêpake wêwatone).
watos: k. watir.
watsa, watsya: (S) kw. ak. pêdhèt.
wat-wat: pc. uwat-uwat.
(waca): di-[x] n. dipunwaos k. 1 diunèkake (tulisan, layang); 2 ditêmbangake (layang têmbang lsp); maca udrasa kw: nangis; wacan n. waosan k: layang crita, piwulang lsp. sing diwaca.
wacak: pc. wancak.
wacaka: kw. ak. têrang, têtela.
wacan: n. waosan k. layang crita, piwulang lsp. sing diwaca; kc. waca.
wacana: (S) kw. gunêm(-an), têmbung, ujar, clathu.
wacucal: k. walulang, wlulang.
wathah-thithah: pc. sabawa nelakake gumun, ngungun lsp.
wathuh: pc. wadhuh.
wawa: I êngg. kn. gêni mêngangah; kc. mawa. II kn: bngs. kêthèk gêdhe. III di-[x] kw: digawa; ka-[x]: 1 kagawa; 2 kuwat, kuwagang; kc. mawa.
wawah: I kn. ombèr (tmr. papan, wêktu); kc. kawah. II [x]-an êngg. kn: banjir.
wawal: I êngg. kn. 1 wangkil, cethok; 2 bngs. linggis dianggo nyongkèl; di-[x]: dibêjadi, dibujad. II di-[x]-i kn: dipadoni, ora disarujuki; [x]-an: pêpadon, tukaran; [x]-an banda pr. mêmungsuhan karo wong sing apês.
wawan: kn. lawan, lêlawanan; [x] gunêm (padu): gêgunêman, rêrêmbugan, pêpadon.
(wawang): di-[x] kw. 1 disawang, didêlêng; 2 nganggo dièlingi; kc. wangwang.
wawar: I kn. mawa rambut dawa (tmr. buntut); asu [x] êngg: asu alasan. II kn: (sa-[x]) cuwilan krambil sing wis dicukil saka ing bathoke; di-[x]-i: dicukili sarta diirisi tmr. krambil.
(wawas): di-[x] kn. dipandêng, ditamatake; [x]-an: 1 pandêngan; 2 panêmu, andharaning panêmu.
wawi: êngg. k. ayo.
wawu: kn. ar. taun kang kapitu (ing windu).
wawuh: kn. 1 êngg. wanuh karo; 2 rukun (têpung) manèh tmr. jothakan lsp; di-[x]-ake: 1 êngg. diwanuhake; 2 ditêpungake manèh.
wawoh: êngg. pc. wawuh.
wawrat: I k. bobot. II k: mêtêng. III [x]-an k: ngising.
we: I kw. banyu. II kw: srêngenge. III pc: bae. IV pc: sabawa nelakake cingak, kagèt lsp.
weda: I (S) kw. 1 ngèlmu, kawruh; 2 layang pêpakêm, kitab suci.
wedana: (S) kw. ak. lara.

wedang: kn. 1 (-putih, -pitik, -antah) godhogan banyu; 2 (-tèh, -bubuk, -kopi lsp) adon-adon tèh, kopi lsp. karo banyu panas; di-[x]-i: 1 disirami lsp. ing wedang; 2 diwènèhi (disuguh) wedang tèh lsp; [x]-an: lêlinggihan sinambi ngombe wedang; [x]-ên: 1 padha mlonyoh pating plêmpung; 2 padha lodhoh tmr. tanduran.
wèdi: kw. nyata, têmênan; sudara [x]: (mitra) sêdulur têmênan.
wedok, wedon: pc. wadon.
wedya: (S) kw. ak. dhukun; kc. widya.
--- 659 ---
wedyarini ~ wêdhihan.
wedyarini: (S) kw. ak. dhukun bayi.
wedha: (S) kw. kc. weda.
we-dhe: êngg. pc. saka cêkakan wd (waarnêmênd); kc. warnèn, warnèmên.
wega: (S) kw. ak. rikat, kêsusu.
wèh: I pc. we. II di-[x]-i n. dipunsukani k. diparingi, disaosi ki: 1 diwènèhi; 2 didokoki, ditrapi; di-[x]-ake: diwènèhake; kc. awèh, wènèh, wèwèh.
weya: êngg. kn. kurang wêweka, sêmbrana.
(wèyan, wèyèn): di-[x] êngg. diwènèhi.
wèk: pc. duwèk (darbèk).
weka: (ut. wêweka, wiweka) kn. ngati-ati, prayitna; diwekani: diprayitnani, diati-ati ing sadurunge.
wela: I [x]-[x] kn. ngegla, katon cêtha bangêt. II (S) kw. ak: 1 taman, patamanan; 2 mangsa, wêktu.
welan: êngg. kn. wela-wela.
wèlèh-wèlèh: pc. cêtha bangêt, wela-wela.
weloh: êngg. kn. waluh.
wèl-wèlan: kn. 1 ndhrodhog bangêt; 2 groyok bangêt.
(wèn): I di-[x]-i êngg. diwèhi. II sa-[x]-[x] pc: nganti suwe bangêt.
wendra: kn. ar. iwak sêgara.
(wènèh): di-[x]-i n. dipunsukani k. diparingi, disaosi k. 1 dikon ndarbèni (ngêpèk); 2 didokoki, ditrapi; kc. wèh, awèh, wèwèh.
wèni: (S) kw. rambut, gêlungan.
(wèntèh): [x]-[x], (wê) [x]-an kn. katon cêtha (maujud) kaya kaanane sing têmênan; kc. wantah.
wèntên: êngg. k. ana.
wèntêr: kn. bngs. nopal dianggo marna barang sêmbêt; di-[x]: diwarna nganggo wèntêr.
wèr: mak [x] pc. pêpindhan swaraning sêndarèn lsp; [x]-[x]-an: tansah gunêman (nyatur lsp) tmr. wong wadon.
wera: kw. ak. bawera.
werage, weragya: kw. susah, sêdhih.
wèri: kw. mungsuh.
wèrêg: kn. tukang golèk wong (didadèkake kuli kontrak); di-[x]: diapusi ing wèrêg.
weruh: pc. wêruh.

weroh: êngg. pc. wêruh.
wesa: I kw. kc. wesya. II (S) kw. ak: 1 sandhangan, panganggo; 2 kang katon ing lair.
wèsêl: (W) kn. 1 kiriman dhuwit ing pos (bang); 2 lembatan ing ril sêpur; salah [x] pc: salah tampa.
wesya: (S) kw. gêgolonganing wong sing pakaryane dagang, têtanèn ut. kriya.
wèsma: (S) kw. omah; kc. wisma.
wèsthi: kw. bêbaya, alangan.
wèt: I di-[x]-ake, di-[x]-[x] pc. diirit-irit (diêmi-êmi) supaya awèt; kc. awèt, uwèt. II (W) kn: anggêr-anggêr, undhang.
wetalika: (S) kw. ak. pasindhèn.
wetan: kn. keblat dununging plêthèke srêngenge; ngetan (ngwetan ak): ngênêr ing wetan; [x]-an: 1 kang kagolong (ing wêwêngkon) ing wetan; 2 (bangsa-) bangsa Asiyah.
wètbèt: kw. ak. bèbèt.
wètbuk: (W) kn. layang anggêr-anggêr.
wètèng: êngg. kn. gèntèr; kc. watang.
wethethithe: pc. wathathithah.
wewe: kn. gêndruwo wadon.
wèwèh: n. nyênyukani k. pêparing ki. mènèhi apa-apa marang; di-[x]-i: 1 diwènèhi, diwèhi; 2 diwènèhi ulih-ulih; [x]-an: 1 apa-apa sing diwènèhake; 2 ulih-ulih, bêrkatan sing diêtêrake; kc. wèh, wènèh.
weweka: kn. ngati-ati, prayitna; kc. weka.
wêdaka: kw. kc. wadaka.
wêdal: I k. wêtu. II êngg. k: wêktu.
wêdana: kc. wadana.
wêdani: kn. ar. têtuwuhan.
wêdari: kw. taman, patamanan; kc. wadari.
wêdèn: n. ajrihan k. jirih; kc. wêdi.
(wêdêl): di-[x] n. dipuncêlêp k. diirêng (dibiru) nganggo nila (tmr. bathikan lsp).
wêdi: n. ajrih k. 1 ora wani; 2 duwe pangaji-aji; mêdèni n. ngajrih-ajrihi k: njalari wêdi, nggêgilani; diwêdèni: 1 (dipunajrihi k) ora diwanèni; 2 diaji-aji; 3 (dipunajrih-ajrihi k) digêgiro (diketoki lsp) ing dhêmit; mêmêdi kn: apa-apa sing njalari wêdi (dhêmit lsp); wêwêdèn kn: mêmêdi sawah.
wêdi-asih: n. ajrih-asih k. duwe pangaji-aji sarta trêsna.
wêdidang: kn. 1 antarane dhêngkul karo dlamakan sikil; 2 êngg. kêncèt (otot ing tungkak).
wêdos: êngg. k. wêdi.
wêdra: (h) 1 kw. tuwa; 2 êngg. kn. uwa; kc. wrêdha.
wêdrug: kn. limit marga kêrêp diambah.
wêdya: br. wêdi.
wêjag: êngg. kn. wêdrog.
wêjah: kn. jamu uyub-uyub (tmr. wong mêntas duwe anak).
(wêjak, wêjêk): di-[x] êngg. kn. dipêrês, dipuh.

wêjani: kn. opah marang dhukun.
wêjang:(ut. [x]-an) kn. wulangan (prakara ngèlmu gaib); di-[x]: diprêjit-prêjit, dijuwing-juwing.
wêdha: êngg. k. wudhu.
wêdhak: kn. jurjuran glêpung dicampur wêwangi ut. tamba dianggo mblonyo awak; di-[x]-i: diblonyo ing wêdhak; [x]-an: nganggo wêdhak.
wêdhal: êngg. kn. wêdhêl.
wêdhar: kn. wêtu, wudhar; di-[x](ake) kn: 1 dibuka, diwêngakake; 2 diwudharake, dijugarake; 3 diwahyakake, diblakakake, diwalèhake; 4 dilairake, diandharake (crita lsp); mêdhar sabda br: sêsorah; [x]-an: 1 prakara sing diwêdharake; 2 sêsorah.
wêdhèn: kn. panggonan wêdhi.
wêdhêl: kn. plêmbungan ing wêtêng iwak; [x]-an êngg: jêroan.
wêdhi: kn. lêmah agal (krikil lêmbut-lêmbut); mêdhi; mêmpur (tmr. salak); di-[x]: jugrug (dilapis lsp) ing wêdhi.
wêdhihan: kw. ak. sandhangan.
--- 660 ---
wêdhi-kèngsêr ~ wênang.
wêdhi-kèngsêr: kn. saèm. srisig (sêsirig) tmr. njogèd.
wêdhi krosok: kn. wêdhi sing agal-agal..
wêdhi malela: kn. wêdhi irêng pating kêrlip.
wêdhit: kn. ar. ula.
wêdhung: kn. pasikon ki. saèm. pangot gêdhe mawa wrangka (kalêbu kapraboning priyayi).
wêdhus: n. menda k. ar. kewan asikil papat kalêbu wêwilangane kewan rajakaya, jinise warna-warna kyt. [x] gèmbèl, jawa lsp; [x] diumbar ing pakacangan pr: 1 wong kêkuranganididuduhake kamelikan; 2 wong wadon pingitan diumbar ing pakehan (mbungahi); [x]-an êngg. pc: ropyan-ropyan mbêlèh wêdhus.
wêdhusan: kn. ar. têtuwuhan.
wêdhus prucul: n. menda prucul k. wêdhus tanpa sungu.
wêdhon: kn. ar. mêmêdi kang awujud mayit; banyu [x] êngg: banyu kang mêntas dianggo nucèni mayit.
wêg, wêk: kw. ak. cèlèng.
wêgah: kn. 1 êngg. krasa sêsêk (cêgèh) ing wêtêng (kaya kêwarêgên); 2 rumangsa ora kêconggah; 3 êngg. pc. sungkan tumandang; mêgahake: njalari wêgah; [x]-an: sungkanan, gampang wêgahe.
wêgang: I tatah [x] kn. tatah sing dianggo mbubut kayu. II êngg. kn: wêgah.
wêgang-sulanjari: kn. ar. têmbang gêdhe.
wêgig: kn. 1 êngg. rongèh, gorèh; 2 pintêr, gathekan; 3 kw. kêndêl; 4 êngg. kurang ajar.
(wêgil): mêgil kw. ak. ngungsi, ndhêlik.
wêgung: sa-[x] kw. kabèh, sakèhe; kc. gung.
wêka: I kw. anak. II kn: 1 rêrêgêd sing ngintip ing teko, cèrèt lsp; 2 êngg. piala sing wis manjing; mêka: mêtu wêkane; kc. lêka.
wêkan: kn. guwa-garba.

wêkas: I (ut. [x]-an) kn: 1 wasana, pungkasan; 2 kang kari dhewe; tanpa [x](-an): 1 tanpa wasana; 2 ora ana jêbule (ora ana wohe); di-[x]: 1 dipungkasi, dirampungake nganti tutug; 2 br. dipatèni; mêkasi: solah bawane beda karo adat sabêne (kaya wis arêp ndungkap mati). II kn: 1 (ut. wêwêkas) wêling; 2 (ut. [x]-an) wêlingan; di-[x]-ake: diwêlingake dikon têka lsp.
wêkdal: k. wêktu.
wêkêl: kn. srêgêp sarta tumêmên.
(wêki): diwêkèni êngg. kn. dipênuhi, dilêksanani; kc. kêwêkèn.
wêktu: (A) kn. (wêkdal k): 1 wayah (kang dipêsthèkake dianggo salat); 2 mangsa; 3 pc. salat, sêmbahyang; 4 êngg. wayah, 5 pc. ing nalika; nglakoni limang [x]: nindakake salat. II êngg: wêtu.
wêkca: kn. kc. wêca.
(wêk-wêk): di-[x] pc. diuwêk-uwêk.
wêla: êngg. kn. 1 sêla, êlêt; 2 lowong ora nicil lsp; diwêlani: 1 disêlani, diêlêti; 2 dilowongi ênggone nicil lsp; 3 diwènèhi wêlan; wêlan: dhuwit minangka dhêndhane ênggone nglowongi cicilane.
wêlad: kn. bngs. lading sing digawe sesetan kulit pring (wilah); sêdulur tunggal [x]: sêdulur tunggal bapa biyung.
wêlah: I kn. kayu ing pucuke mawa enthong-enthongan (kanggo nglakokake prau); di-[x]-i: dilakokake nganggo wêlah (prau). II êngg. kn: borang; kc. wlahan. III êngg. k: wuluh.
wêlahan: kn. lêlahanan; kc. lahan, wlahan.
wêlak: (ut. wêwêlak) kn. bêbênduning dewa (Allah) awujud kasangsaran lsp.
wêlan: kn. kc. wêla.
wêlang: kn. ar. ula ulêse putih sêling irêng; kc. bêlang.
wêlar: I kn. amba jêmbar tmr. dhadha; kc. êlar, mêlar. II [x]-an êngg. kn: 1 ara-ara, pakêbonan; 2 lalahan, leleran.
wêlas: I kn. rasa (kadunungan rasa) mêsakake marang liyan; mêlas, mêmêlas: mêsakake (pantês diwêlasi); di-[x]-i: disihi (marga mêmêlas); [x]-an: gampang wêlas. II sa-[x] kn: 11; [x]-an: 1 wilangan antarane 10 - 20; 2 lanjar (imbuh) sabên 10 olèh lanjar 1 kc. bêlas, las.
wêlas-arêp: (-arsa, -ayun) kw. wêlas-asih.
wêlas-asih: kn. duwe wêlas sarta asih; mêlas-asih: 1 mêmêlas, mêsakake; 2 ngrêrêmih njaluk diwêlasi (disihi).
wêlèh: I (ut. wêwêlèh) kn. lêlakon minangka wêwalêse ênggone goroh (cumêri-cêri lsp); di-[x]-ake: dituduhake ênggone goroh (ora nêtêpi jangji lsp); kê-[x]: nêmahi wêwêlèh; kc. walèh. II (ut. wêle) êngg. kn: jêlèh; kc. wadhèh.
(wêlêg): di-[x] kn. diuja ing pangan.
wêlêk: I êngg. kn. kêbul; kc. ulêk. II kw. ak: wêwêlak.
wêli: kw. ak. tuku, bakul.
wêling: I kn. wêkas; di-[x]: diwêkas. II kn: ar. ula saèm. ula wêlang nanging cilik.
wêlit: kn. payon sing digawe alang-alang lsp. digapit; di-[x]: digawe wêlit.

wêlu: kn. 1 surêm (tmr. warna, cahya); 2 êngg. katon lungkrah, aras-arasên; 3 êngg. saèm. wangkal, wangkod; kc. wêlon.
wêlug: êngg. kn. pêthut (benggoling maling).
(wêlun): ma-[x], [x]-[x] kw. mulêk, uyêk-uyêkan.
wêlur: êngg. kn. êlur, sêlur.
wêlut: kn. ar. iwak loh wujude saèm. ula; kaya [x] dilêngani pc: pintêr bangêt padune; ênggon [x] didoli udhèt pr: wong pintêr diumuki kapintêran (sing luwih rèmèh).
wêlon: kn. mung awujud sigaran (tanpa digraji ut. diprèjèngi) tmr. kayu lsp.
wêlwêlan: pc. uwêl-uwêlan.
wênah: I di-[x]-i êngg. kn. disingkir-singkirake dirumati; kc. bênah. II kw: warêg, bosên.
wênang: 1 kw. bisa, kêconggah; 2 (ut. wêwênang) panguwasa, hak; 3 duwe
--- 661 ---
panguwasa (hak); di-[x]-ake: diwènèhi hak (kuwasa); ka-[x], winênang kw: diwênangake, duwe wêwênang; sa-[x]-[x]: ambêk siya, siya-siya; kc. mênang.
wêndera ~ wêtu.
wêndera, wêndira: kw. wit wringin.
wêndra: kn. (sa-[x]) 10 yuta; wêndran: pirang-pirang wêndra.
wênèh: kn. liya, liyane; sa-[x]: liyane (ana kang), sawatara ana (nêrangake kang ora gumathok).
wênês: kw. 1 rêsik sumringah (warna); 2 pucêt.
wêning: kn. 1 bêning; 2 rêsik ora kacampuran apa-apa (tmr. pamikir, gagasan lsp).
wêninga: êngg. wêruh; kc. wuninga.
wêntala: kn. 1 bisa tahan (kalis) ing gêgaman, lêlara lsp; 2 (ut. mêntala, mêntalan, wêntalan) têgêlan, ora wêlasan.
wêntar: kn. suwur; kê-[x]: kêsuwur, misuwur.
wêntara: n. wêntawis k. êngg. watara.
wêntis: 1 ki. pupu; 2 pc. kempol.
(wênga): mênga kn. 1 ora tumutup; 2 ora sigêg tmr. wanda; diwêngani: dibukak supaya bisa mlêbu, diwènèhi lawang; diwêngakake: dibukak, ora ditutup, wêwêngan: pêpadhanging ati, pangrêti.
wêngi: n. dalu k. 1 wayah wiwit surup tumêka plêthèke srêngenge; 2 wis kêliwat jam 12 bêngi; kêwêngèn n. kêdalon k: kêtungka (tumêka) ing wayah wêngi; kc. bêngi.
wêngis: kn. sêrêng bangêt, katon sumêngit; kc. bêngis.
(wêngkang): di-[x] êngg. kn. dibênggang kanthi karosan.
wêngkêlan: êngg. ki. kempol.
wêngkêlang: kn. sêsukêr sing atos; kc. mêngkêlang.
wêngku: kn. blêngkêr (pinggiran) minangka pikukuh; di-[x]: 1 diubêngi (kaya wêngku); 2 dikuwasani, dibawahake, dirèh; 3 (ut. diwêngkoni) diêmong, diêmbani; 4 dirêngkuh kalawan sabar

(pangapura); diwêngkoni: 1 ditrapi (dipasangi) wêngku, ditrapi blêngkêr; 2 dikuwasani, dierèh, diêmbani; ngêgungna pamêngku br: ngêgungna pangapura; wêwêngkon: 1 kang diwêngku (dikuwasani lsp); 2 gêgêbêngan, tlatah, kukuban.
wêngur: kn. ambu kaya dene ambuning ula.
wêrak: (ut. [x] arèn) kn. 1 lêgèn arèn; 2 cokak Jawa.
wêrat: êngg. k. abot.
wêrda, wêrdha: kw. tuwa; kc. wrêdha.
wêrdaya: kw. ati; kc. wardaya.
wêrdèn: kn. sugih anak tmr. kewan; kc. wêrdi, wrêdi.
wêrdi: I kn. têgês, makna; diwêrdèni: ditêgêsi, ditêrangake têgêse; kc. wardi. II kw: mundhak-mundhak, mundhak akèh; kc. wrêdi.
wêrdu: kw. ulêr.
wêrdu-angga: kw. lintah; yayah [x] sasra: uyêk-uyêkan akèh bangêt.
wêrjit: kw. cacing.
(wêrêg): di-[x] êngg. kn. dibêrêg.
wêrêh: I kw. ak. umpluk; kc. wuruh. II kw. ak: mêndêm; kc. wuru.
wêrêng: kn. ar. kewan gêgrêmêtan (dadi ama pari).
wêrga: pc. warga.
wêrgul: kn. ar. kewan bngs. wlingsang.
wêrhaspati: kw. Kêmis; kc. wrêhaspati.
wêri: kn. wong sing tansah gawe rusuh (nyênyolong lsp).
wêrit: kn. 1 wingit, angkêr; 2 gaib (gawat) tmr. surasaning ngèlmu kasampurnan; 3 umpêtan, ora ngêdhèng tmr. bêburon; 4 êngg. kêncêng (kêras) tmr. paprentahan (pangrèh).
wêrna: n. wêrni k. êngg. warna.
wêru: kn. ar. wit.
wêruh: n. sumêrêp k. priksa ki. 1 bisa migunakake pandêlênge; 2 sumurup kang ora kanthi njarag; 3 nyipati (mênangi, ngalami); 4 mangrêti; 5 ngrêmbug marang, up. [x] marang wong tuwane; [x]-[x]: 1 barêng, wêruh; 2 êngg. dumadakan; di-[x]-i:1 disumurupi, dingêrtèni; 2 dirêmbug (digatèkake), dipêrduli; di-[x]-ake: dituduhake, diwènèhi wêruh, dingêrtèkake; kc. kawruh.
wêrut: kn. kasar sêrate (tmr. kayu), pating jêngkêrut (tmr. kulit).
wêrta: n. wêrtos k. pc. warta.
wêrti: pc. warti.
wêrtos: k. wêrta.
wêrcita: kw. cacing.
wêsana: pc. wasana, wusana.
wêsi: n. tosan k. ar. logam atos digawe dandanan warna-warna; mêsi: kaya wêsi, atos bangêt.
wêsi-aji: kn. gêgaman kang awujud lêlandhêp kaya dene kêris, tumbak lsp.
wêsi bang: kn. wêsi diobong mêngangah.
wêsi brani: n. tosan brani k. wêsi sing duwe daya panggèndèng.
wêsiyasat: kw. pêksa, kanthi pêksa; di-[x]: disiksa,m dipilara; kc. siyasat, wasiyasat.

wêsiyat: pc. wasiyat.
wêsisan: êngg. pc. babar-pisan; di-[x]-i: dirampungi, dirampungake babar pisan.
wêspada: pc. waspada.
wêsta: pc. wasta.
wêtah: k. wutuh.
wêtara: pc. watara.
wêtêh: kw. ak. wutuh.
wêtêng: kn. padharan ki. pêprincèning awak sing dadi dununging wadhuk lan usus; mêtêng: 1 (wawrat k. mbobot ki) ngandhut jabang bayi; 2 wis diisèni patrum (tmr. bêdhil), mblêndhuk arêp thukul untune (tmr. gusi), wis mèh mêtu wohe (tmr. pari); di-[x]-i ks: digawe mêtêng; di-[x]-ake: dikandhut ana ing guwa-garba; [x]-an: 1 bayi sing isih dikandhut ing guwa-garba; 2 sajroning mêtêng, ing nalikane mêtêng; kc. êtêng.
wêtu: I n. wêdal k. wiyos k. 1 saka ing jêro mênyang ing jaba; 2 plêthèking rêmbulan lsp; 3 dhuwit lsp. sing ditanjakake (dipigunakake); mêtu: 1 mênyang ing jaba; 2 lair tmr. bayi lsp; 3 bisa awoh tmr. pari lsp; 4 liwat ing, alantaran; [alan...]
--- 662 ---
[...taran;] 5 ngaton ing pasamuwan (kalangan lsp); 6 lèrèn ênggone nyambutgawe (sêkolah lsp); mêtoni: 1 mêtu ana ing (pasamuwan lsp); 2 duwe anak, up. ora mêtoni lanang: diwêtoni: 1 dipêthukake (diungak lsp) saka ing jêro mênyang ing jaba; 2 diliwati, diambah; diwêtokake: 1 digawa (dikon lsp) mêtu; 2 dipitongtonake; 3 dilairake; 4 dilèrèni ênggone cêkêl gawe (sêkolah lsp); 5 ditanjakake (dipigunakake) tmr. dhuwit lsp; 6 dibabar (dicap sarta diêdol) tmr. buku; 7 diwêdharake, diwahyakake; kê-[x]: kêlair têmbunge; kêmêton kn: 1 ngêtokake woh akèh tmr. tanduran; 2 ora dijarag mêtu; pamêtu: 1 wulu-wêtuning palêmahan lsp; 2 dhuwit olèh-olèhane nyambut gawe; wêton: 1 asal saka ing; 2 dina kalairan; 3 mangsa ênggone mêtu (dianggo wilangan, kyt. sawêton, rong wêton). II n. wêdal k. pc: wêktu.
wêca ~ wiji.
wêca: kn. 1 kandha blaka; 2 kandha bab bakal ananing lêlakon (kang durung kêlakon); di-[x]: 1 êngg. diblakakakake, diwalèhake; 2 dikandhakake yèn bakal ana lêlakon (kang samêngko durung kêlakon); wêwêcan: lêlakon sing diwêca.
wêcana: kw. kc. wacana.
wêcucal: k. pc. wlulang.
wêwah: k. wuwuh.
wêwêdhe, wêwêdhèh: êngg. kn. nglarani (arêp nglairake bayi).
wêwêdèn: kn. mêmêdi sawah; kc. wêdi.
wêwêg: kn. lêmu ètêl (tmr. pawakan).
wêwêh: kw. ak. wuwuh.
wêwêngan: kn. pêpadhanging ati, pangrêti; kc. wênga.
(wêwêr): di-[x] kw. digulung, dilinting; [x]-an kw: pingitan, kêkêran; kc. uwêr.

(wêwês): di-[x] êngg. kn. dipêksa.
wi: I kn. uwi. II êngg. pc: ênya, ayo; kc. wawi, suwawi.
wibawa: (S) kw. kaluhuran, kamulyan, kasêktèn, kuwasa; mukti [x]: ngrasakake kaluhuran (kamulyan lsp), mukti bangêt.
wibên: êngg. k. wido.
wibi: kw. biyung.
wibuh: (S) kw. ak. rosa, sêntosa.
wibuti: (S) kw. ak. kaluhuran, kamulyan, kuwasa.
wibrama: (S) kw. ak. 1 kisruh, bingung; 2 nêpsu.
wida: I (ganda [x]) kw. borèh, wêwangi. II kw. ak: siksa.
widada, widadi, widadya: kw. tulus slamêt, lêstari slamêt.
widadara: (S) kw. bngs. dewa.
widadari: (S) kn. dewa wadon; midadarèni: lèk-lèkan ngarêpake katêmuning pangantèn.
widagda, widagdya: (S) kw. pintêr.
widayaka: (S) kw. 1 wong kang mranata, wong pintêr; 2 (widayakèng praja) ratu.
widayat: (A) kn. sih pitulunganing Allah.
(widak): sa-[x] kn. 60.
widara: kn. ar. wit sarta wohe, jinise kyt. [x] upas, [x] putih; mênêng [x] ulêran pr: laire bêcik, nanging batine ala.
widara-gêpak: kn. ar. wanguning omah awujud omah kampung nganggo èmpèr mubêng.
widaran: kn. ar. panganan sing digawe glêpung kêtela diglintiri.
widasari: 1 kw. borèh wangi; 2 kn. ar. têtuwuhan sarta kêmbange.
widi: I di-[x] kw. dipilih; diwidèni êngg. kn: diwilang manèh (dicocogake). II diwidèni êngg. pc: diidèni, dililani; kc. idi, idin. III (S) kw: 1 pranatan, anggêr-anggêr; 2 takdir, pêpêsthèn; Hyang [x]: Dewa kang linuwih (Allah); di-[x], diwidèni kw: pinaringan sihing dewa.
widigda, widigdya: kw. pintêr; kc. widagda.
widik: I di-[x]-[x] kn. dikira-kira (diduga-duga) sarana ditamatake. II (ut. [x]-[x]) kw. ak: langit, awang-awang; cs-0.
widita: (S) kw. ak. misuwur.
widu: kw. ak. pasindhèn; amidu-midu kw: têtêmbangan.
widura: (S) kw. ak. pintêr, wicaksana.
widuri: I kn. ar. têtuwuhan wohe ngêtokake kapuk alus. II kn: bngs. intên.
wido: kn. wulune ing gêgêr mawa pinggiran ijo (tmr. ulêsing jago).
widya: I kw. kc. wida. II (S) kw: kawruh (kawicaksanan).
widyadara, widyadari: (S) kw. kc. widadara, widadari.
widyastuti: kw. pangabêkti, pêpuji.
widyuta: kw. kilat, blêdhèg.
widyutmala: kw. kilat, blêdhèg.
wija: (S) kw. 1 wiji; 2 anak.
wijah: I êngg. kn. 1 (pitik [x]) pitik lumrah, dudu kêbirèn; 2 (wong [x]) wong lumrah, urakan. II [x]-[x] kw: pilah-pilah, pêpanthan; di-[x] êngg:

diwilang, dietung. III [x]-[x] kw: bungah-bungah, sênêng-sênêng; mijah kn: nggrombol tmr. iwak loh.
wijaya: (S) kw. 1 mênang, kamênangan; 2 kasêktèn; kc. jaya.
wijaya-kusuma: kn. ar. kêmbang diagêm sarat panjênênganing ratu kang mêntas jumênêng.
wijayanti: (S) kw. mênang.
wijana: I (S) kw. darah luhur. II (S) kw. ak: panêpèn, sanggar palanggatan.
wijang: I 1 (ut. [x]-[x]) kn. katon pilah-pilah; 2 kw. sarwa turut sarta apik tmr. bau; 3 kw. bau; di-[x]([x]): dipilah-pilah, diprinci-princi; [x]-an: perangan, pêprincèn. II di-[x] êngg. kn: diwulang; kc. wêjang.
wijèn: kn. ar. têtuwuhan sing wijine digawe lênga lsp; kc. wiji.
wiji: kn. 1 isining woh kang calon dadi wit; 2 winih, bibit, uritan; 3 br. turun; 4 êngg. dhadhakan, sing dadi jalaran; nandur [x] kèli pr: ngopèni turune wong
--- 663 ---
luhur; diwijèni: 1 didokoki wiji; 2 (ut. diwijèkake) diturunake; kc. sawiji.
wijik ~ wilis.
wijik: ki. wisuh.
wijil: I 1 êngg. kn. wiji; 2 kw. turun; [x]-ing amaratapa: turune wong tapa; [x]-ing andanawarih: turuning satriya (wong luhur). II kw: regol, gapura, lawang. III kw: wêtu; mijil: mêtu.
wijuk: êngg. kn. wisuh.
wijung: êngg. kn. cèlèng gêdhe.
wijowan palowanu: kw. dhampar.
widhala: (S) kw. kucing.
widhe: I kn. 1 iratan pring dirèntèngi ditata kaya gribig dianggo ngurung iwak lsp; 2 êngg. gribig, kêre. II midhe kn: tuku iwak daging akèh (arêp kanggo duwe gawe); widhèn: iwak daging tukon (ora mbêlèh dhewe).
widhêng: kn. 1 bngs. yuyu; 2 (mata [x]) lunglungan rêrêngganing wrangka.
widhig: kn. nam-naman blarak saèm. blêkêtepe.
widhung: êngg. kn. kidhung.
widhungan: kn. anaking kewan sing isih ana ing wêtêngan.
wigar: I kn. 1 ilang dayane, ngabar, kalah; 2 jugar, ora dadi; 3 nggègrègi sarta alum; kc. gagar. II kw: bigar, bungah.
wigati: n. wigatos k. 1 pêrlu bangêt, kanthi têmênan; 2 têgês, surasa.
wigêna, wigna: (S) kw. 1 alangan, rêribêd; 2 susah, sêdhih; 3 lara gandrung.
wigih: (ut. [x]-[x]) kn. 1 rada rikuh, jiguh; 2 ora pati rahab.
wignya: (S) kw. pintêr, wasis.
wignyan: kn. ar. sandhangan ing aksara Jawa (...).
wignyana: (S) kw. kapintêran.
wiguh: kn. ak. wigih.
wiguna: I (S) kw. 1 ak. tanpa kautaman, nistha, bodho; 2 pintêr, wasis.

wigraha: (S) kw. ak. congkrah, pêrang; di-[x]: dipidana, disiksa.
wihaga: (S) k.ak. manuk.
wihaya: (S) kw. ak. awang-awang, langit.
wihantên: kw. (k) wihara.
wihang: kw. mopo, lênggana, êmoh; kc. wiyang.
wihanggama: (S) kw. ak. manuk.
wihara: (S) kw. patapan, pasraman.
wihikan: kw. ak. wêruh; kc. wikan.
wiya: kn. ak. weya.
wiyadi: (S) kw. susah, prihatin.
wiyaèn: kn. ora manutan, kakehan santolan.
wiyaga: êngg. kn. niyaga.
(wiyagah): di-[x] kn. ditindakake (ditêgêsi lsp) mung kalawan tekadan bae; ora [x] êngg: ora bakal bisa.
wiyagon: kw. anyaran.
wiyagra: kw. macan.
wiyah: kn. lumrah, sêmbarangan, sadhengah; [x]-e: lumrahe; kc. sawiyah.
(wiyak): di-[x] kn. 1 dibukak sarana disisihake ngiwa nêngên; 2 diwêdharake tmr. wadi; kc. biyak.
wiyana: kn. ak. panggah.
wiyang: 1 êngg. kn. lunga; 2 kw. mopo, lênggana, êmoh; kc. miyang, tar-wiyang, wihang.
wiyangga: (S) kw. kodhok.
wiyar: k. 1 amba; 2 êngg. jêmbar.
wiyara: kw. patapan, pasraman.
wiyat: (S) kw. awang-awang, langit.
wiyata: I kw. piwulang; pawiyatan: pamulangan. II miyatani kn. kêna diêndêlake, ora bakal kalah.
wiyati: kw. awang-awang, langit.
wiyoga: kw. sêdhih.
wiyos: I ki. wêtu; [x]-e (-ipun k): kanggo bêbuka wiwit ngandhakake surasaning layang. II êngg. k: 1 wiji; 2 lawang, regol (wijil); 3 wang (10 dhuwit); 4 seje.
(wik): di-[x]-[x] pc. diuwik-uwik.
wikan: 1 kw. wêruh; 2 êngg. (tan [x]-a) ora wêruh, êmbuh.
wikana: êngg. êmbuh.
wikara: (S) kw. 1 owah (kaanane); 2 lara; 3 nêpsu, muring; tan [x]: ora owah, panggah; wikarane êngg: kang dadi jalarane; di-[x]: dipilara.
wiki: kn. kikrik (ora gampangan).
wiku: kw. pandhita tapa.
wikrama: I (S) kw. 1 jangkah; 2 kêkêndêlan. II diwikramakake br: diomah-omahake; kc. pikrama, krama.
wikridita: (S) kw. ak. dolanan, sênêng-sênêng.
wil: kw. buta.
wila: I kw. maja. II (S) kw. ak: bolongan, lèng, guwa; cs. 9.
wilada: kn. ar. têtuwuhan.

wiladab: (A) kn. (adus [x]) adus sêsuci sabakdane duwe anak (lêt 40 dina).
wilah: kn. 1 sêbitan pring; 2 (ut. [x]-an) wêsining kêris lsp; 3 (ut. [x]-an) wijanganing gèntèr (saron, gambang) sing ditabuh; di-[x]: dilolos wilahane tmr. kêris (dicolong).
wilayat: (A) kn. 1 tlatah wêwêngkoning wali (sing pinarentah ing priyagung); 2 pangkat luhur.
wilalat: br. walat.
(wilang): I di-[x] n. dipunwical k. êngg: 1 dietung; 2 digolongake, diewokake; [x]-an: 1 petungan; 2 cacah. II êngg. k. wulang.
wilangun, wilangon: kw. (kê-) sêngsêm; milangoni: nêngsêmake.
wilapa: (S) kw. 1 (kidung) pasambat; 2 layang, kêkidungan.
wilasa: (S) kw. 1 ngenggar-enggar, dolanan; 2 (sih-[x]) sih kawêlasan.
wilasita: (S) kw. ak. ngenggar-enggar, dolanan.
Wilatikta: kw. Majapait.
wilêt: I kn. wasis ubêd (tmr. pêpadon), rame nyênêngake (tmr. paomongan); milêt: nggubêd, nggulêt, mulêt; ma-[x]-an kw: pêpulêtan, gêgubêdan.. II kn: 1 sarwa laras (tmr. gêndhing); 2 wirama antaraning thuthukane panabuh.
wilis: I kn. ijo tuwa.
--- 664 ---
II êngg. k: wilang; [x]-an êngg: wilangan.
wilisan ~ wiraos.
wilisan: kw. bngs. tandhu.
wilujêng: k. slamêt.
wiluma, wiloma: (S) kw. kliru, jugar.
wilut: I kn. (idu [x]) iduning dhukun sing disêmburake dianggo nênambani. II di-[x] kn: 1 dipuntir; 2 disindhêt, dikala.
wil-wa: kn. (dijawil digawa) ar. setanan ing padhalangan.
Wilma: (S) kw. maja.
Wilwatikta: kw. Majapait.
wimala: (S) kw. tanpa rêrêgêd, rêsik, suci.
wimana: (S) kw. kreta, tunggangan.
wimardana: (S) kw. ak. pêrang.
wimba: I kw. wêtu; [x] ning lèk: wêtuning rêmbulan (sasi). II kw: 1 pêpêthan, rêca; 2 èmpêr, kaya; mimba: mèmpêr; di-[x]: dipêtha, dièmpêr, diwangun; kc. emba.
wimbasara: kn. palaku (kongkonan), pulisi.
wimbuh: I kw. wuwuh, imbuh. II kw: kuwur, pêtêng atine.
wimudha: (S) kw. ak. bodho, gêndhêng.
wimurca, wimurcita: (S) kw. ak. sumaput, ora eling.
wimoha: (S) kw. ak. bingung, kuwur atine.
wimohita: (S) kw. ak. kc. wimoha.
winadi: n. winados k. dikêkêr, dianggo wadi; kc. wadi.
winantu: kw. binarêngan ing; kc. wantu.
winarah: kn. dikandhani, diwarah; kc. warah.
winardi: kw. ditêrangake, ditêgêsi; kc. wardi, wêrdi.

winarna: kw. dicritakake, dikocapake; kc. warna.
winasa: I kw. dipêksa; kc. wasa. II (S) kw. ak: rusak, ilang, sirna.
winasis: kn. (wong) wasis.
winastha: (S) kw. ak. rusak, sirna.
windasa: kw. rusak, lêbur.
windu: I kn. lambe (tembok) ing sumur; di-[x], diwidoni:[3] ditrapi windu. II kn. petunganing wêktu sing lawase 8 taun (jênênging taun mau: Alip, Ehe, Jimawal, Je, Dal, Be, Wawu, Jimakir); diwindoni: dislamêti ing nalikane umure ganêp sawindu (8 taun); windon: 1 ênggone ngetung nganggo windu; 2 pirang-pirang windu; 3 slamêtan mbênêri umur sawindu. III kw. ak: titik, cêcêk; cs. 0.
winèh: I êngg. pc. winih. II br: diwènèhi, diwèhi, didokoki; kc. wèh.
winênang: br. diwênangake, dikuwasakake; kc. wênang.
wini-biting: kn. ar. tamba mata.
winidada: kw. dilulusake, dilêstarèkake, dilêksanani; kc. widada.
winih: kn. 1 wiji pari; 2 bibit; 3 êngg. kewan sing dipurih nurunake; 4 dhadhakan jalaraning pêpadon lsp.
winisudha: kw. dijunjung pangkate; kc. wisudha.
winituwa: êngg. pinituwa.
winicara: kw. digunêm, dirêmbug; kc. wicara.
winursita: kw. dicritakake, kocap; kc. warsita, wursita.
winong: I kn. ar. wit. II kw: diêmong, dijangkung; kc. winongwong.
winor: br. diêwor, dicampur; kc. wor.
winot: kw. diêmot; kc. wot.
wintang: kw. lintang.
wintêr: kn. wèntêr.
(winga): ma-[x]-[x] kw. abang mêngangah (marga nêpsu).
wingi: kn. 1 dina sing mêntas kêpungkur; 2 (ut. [x]-uni) êngg. pc. biyèn; wingine: dina sing wis kêpungkur; wingènane: dhèk êmbèn.
wingit: kn. 1 angkêr, wêrit tmr. panggonan; 2 tajêm mawa prabawa tmr. praèn; 3 kw. sêdhih, susah.
wingka: kn. pêcahan grabah; gandhos [x]: ar. panganan.
wingking: k. buri.
(wingkis): di-[x] 1 kw. dibukak, diwiyak; 2 kw. diwêngakakake sathithik tmr. lambe; 3 êngg. kn. dicalikake, dicancutake (tmr. lêngênan); 4 êngg. dilêmpit, ditêkuk, dilangkip.
wingkisan: êngg. ki. gusi.
wingsati: (S) kw. ak. 20.
wingsilan: êngg. kn. pringsilan.
wingwal: ora [x] êngg. ora gèsèh, padha.
wingwang: kn. gèsèh, beda; ora [x]: 1 padha; 2 trêp, cocog.
wingwing: kn. cilik aramping, ringkih (tmr. pawakan).
wingwrin: kw. miris, wêdi.
wipala: (S) kw. ak. tanpa guna, rèmèh.
wipata: (S) kw. ak. 1 luput, kliru, ala; 2 tiba.
wipati: (S) kw. ak. cilaka.
wipula: (SI kw. ak. akèh bangêt, amba, jêmbar.

wipra: (S) kw. pandhita.
wira: (S) kw. 1 wong lanang, prajurit; 2 kêndêl.
wiradat: (S) kn. karêp; di-[x]-i: disranani.
wiraga: kn. solah-bawa sing nêngsêmake (digawe-gawe).
wirage, wiragya: kw. sêdhih, kêsêngsêm, gandrung.
wiraha: (S) kw. ak. pisah, pêgat.
wirasha: kw. kaol, dêdongengan.
wiralalita: kw. ar. têmbang gêdhe.
wirama: (S) kn. 1 ukuran kêndho kêngcênging panabuhing gamêlan (gêndhing); 2 andhêging napasan ing têmbang maca-pat; 3 panganggoning unggah-ungguhing basa; 4 gilir-gumantining swara (pratingkah) sing mawa laras.
wirandhungan: kw. 1 alon; 2 mandhêg tumolih.
wirang: kn. isin kang kawêruhan ing akèh; diwêwirang, di-[x]-ake: digawe wirang; kê-[x]-an: nandhang wirang.
wirangrong: 1 kw. sêdhih marga kêsêngsêm; 2 kn. ar. têmbang têngahan.
wiraos: k. wirasa.
--- 665 ---
wirasa ~ witir.
wirasa: n. wiraos k. 1 surasa, têgês (karêp) ing layang lsp; 2 gunêm, wêtuning pangrasa; mirasa: enak bangêt; di-[x]: 1 disurasa, digolèki têgêse (karêpe); 2 dirêmbug, digunêm.
wirasat: kn. titikaning wêwatakan sarana ndêlêng wujuding praèn lsp; kc. firasat, pirasat.
wiratara: (S) kw. ak. kêndêl bangêt.
wirati: (S) kw. ak. 1 lèrèn, ngaso; 2 sêsirik, pasa.
wira-wiri: kn. mlaku bola-bali.
wire: kn. cilik sarta apik tmr. pawakan.
wirèng: (ut. [x]-an) kn. jogèd wayang wong entra-entraning pêrang tandhing.
wirid: kn. wêjangan; di-[x]: diwêjang; kc. warid.
wiring: I têpis [x] kn. watêsing nêgara. II [x] galih kn: ulês abang sikile irêng tmr. jago (pitik); [x] kuning: jago sing sikile kuning.
wirya: (S) kw. 1 kêndêl, kuwasa; 2 mulya, luhur (tmr. trah).
wiryawan: (S) kw. kêndêl, kuwasa, mulya; kc. wirya.
wiru: I di-[x] kn. dilêmpit têtumpukan tmr. jarit, ikêt lsp; wiron: lêmpitan têtumpukan tmr. jarit, ikêt lsp. II êngg. k: klobot.
wiruda: (S) kw. 1 congkrah; 2 nêpsu bangêt; miruda: bangga banjur oncat (minggat).
wiruh: êngg. pc. wêruh.
wirun: kw. ak. panêngah.
wiroda, wirodra: kw. nêpsu bangêt; kc. wiruda.
wirog: kn. ar. tikus (gêdhe).
wiron: kn. lêmpitan têtumpukan; kc. wiru.

(wirong): mirong. 1 kw. sêdhih, susah; 2 (ut. mirong-mirong) kn. klepat lunga marga isin (ora sênêng); mirong kampuh jingga pr: sumêdya mbalela.
wirota: kw. nêpsu bangêt, ambêk siya bangêt.
wirotama: (S) kw. (wira utama) kêndêl bangêt.
wis: n. sampun k. 1 rampung (kêpungkur) ênggone tumindak (nglakoni, nindakake); 2 tau nglakoni (nindakake); 3 êntèk, tamat, têkan ing pungkasan; durung [x]: durung rampung (êntèk); sing (kang) [x]: sing kapungkur, sing dhisik; sing [x]-[x]: sing biyèn, sing wis kapungkur; ora [x]-[x]: ora rampung-rampung, ora lèrèn-lèrèn; wis ora: 1 (-yèn) ora babar pisan; 2 mari (lèrèn) ênggone; di-[x]-i: 1 dilèrèni, dirampungi; 2 dipatèni; kc. wisan, uwis.
wisa: kn. 1 upasing ula lsp; 2 apa-apa kang njalari ora bêcik; diwisani: diupasi, diracun.
wisada: kw. tamba, jamu; kc. usada.
wisaya: (S) 1 kw. pirantining pancadriya, piranti, karêp; 2 kn. piranti kang dianggo maeka (kala, pasangan lsp); di-[x]: dipasangi, dipaeka; misaya iwak: golèk iwak (loh).
wisala: (S) kw. ak. jêmbar, amba.
wisama: (S) kw. ak. pakewuh.
wisan: êngg. pc. wis.
wisan gawe: n. wisan damêl k. wayah esuk ± jam 11.
wisana: I êngg. kn. wasana, wusana. II (S) kw. ak: cula, sungu.
wisangsaya: (S) kw. ak. tanpa rêringa (kuwatir).
wisapaha: (S) kw. ak. panawaring wisa.
wisarja: (S) kw. ak. nggusah, nundhung.
wisarga: (S) kw. lèrèn, mandhêg, pungkasan; 2 kn. ak. sandhangan wignyan.
wisata: I (S) kw. lunga, lêlungan. II (S) kw. ak: têntrêm. mantêp.
wisatakandhêh: kn. ar. têmbang gêdhe.
wiseka: kw. ak. jênêng, jêjuluk; kc. biseka.
wisesa: (S) kn. 1 kuwasa luhur, kang nguwasani, kang duwe wêwênang linuwih; 2 wasesa (andharaning jêjêr ing paramasastra); di-[x]: 1 dikuwasani, diwêngkoni; 2 dipêksa, dikaniaya.
wisêl: (W) kn. 1 kiriman dhuwit ing pos; 2 lembataning ril sêpur; di-[x]-ake: dikirimake mêtu ing pos tmr. dhuwit.
wisik: ut. [x]-an kn. pituduh, (wêwarah) gaib; di-[x]: 1 diwarah, olèh wisik; 2 ak. diingu wiwit cilik; 3 disanggama; [x]-an:1 angin ing wayah bêngi; 2 jênêng; kc. bisik.
wisya, wiswa: br. wisa.
wiskira: (S) kw. ak. bèbèk.
wisma: (S) kw. omah.
wismaya: (S) kw. ak. gumun, ngungun.
wismrêti: (S) kw. ak. kali.
wisudha: (S) kw. rêsik, murni; di-[x]: diunggahake pangkate, dijunjung ing aluhur.

wisuh: kn. wijik ki: rêrêsik tangan ut. sikil (nganggo banyu); di-[x]-i: dirêsiki tangan ut. sikile; (pa) [x]-an kn. (pa)-wijikan ki: 1 banyu kang dianggo wisuh; 2 bokor dianggo wisuh (tangan).
wisuna: kw. ak. para-wadulan; gawe [x]: agawe ora kapenaking ati (kasusahan, kacilakan lsp).
wistara: kw. ak. andharan, crita; diwistarakake: diandharake, dicritakake; ka-[x]: 1 kacaritakake; 2 kacêtha, katon saka.
wisthi: (S) kw. ak. pagawean; 2 pakewuh, kangelan.
wit: kn. 1 lajêr, pokoking têtuwuhan; 2 têtuwuhan sing mawa kayu; 3 asal, mula-buka; 4 kang njalari; 5 br. sabab, jalaran; witne, witning: jalaran, sarèhne; wite êngg. pc: 1 luwih-luwih; 2 lah kapriye manèh; kc. awit, wiwit, kawit.
witadesa: (S) kw. ak. ninggal padunungan, alihan ênggon.
witana: (S) kw. bale (palungguhan) kang pinajang-pajang.
witaradya: kw. 1 alihan nêgara; 2 kang pinunjul (linuwih); trahing [x]: darah luhur, turune wong pinunjul.
witaraga: (S) kw. ak. luwar saka kasêngsêman, rêsik, suci.
witikna, witikne: pc. 1 luwih manèh; 2 lah kapriye manèh ?
witir: salat [x] kn. sêmbahyang mirunggan bakda ngisa.
--- 666 ---
witne ~ wudun.
witne, witning: 1 br. sarèhne, jalarane; 2 êngg. pc. witikna, witikne.
wicaksana: (S) kn. 1 awas, waskitha; 2 bisa nganggo budine kalawan bênêr; Ingkang Wicaksana: sêsêbutane Gupêrnur Jendral.
wicaksuh: (S) kw. wicaksana.
wical: 1 k. wilang; 2 êngg.k. wulang.
wicantên: k. 1 catur, clathu.
wicara: (S) kn. 1 gunêm, ujar; 2 pangrêmbug; ahli [x]: pintêr gunêman (rêrêmbugan); micara: pintêr gunêman; di-[x]: digunêm, dirêmbug.
wicarita: kw. pintêr ndongèng.
wicikitsa: (S) kw. ak. mamang, tidha-tidha.
wicitra: (S) kw. 1 endah bangêt; 2 ak. warna-warna.
withangka: (S) kw. ak. gupon.
wiwaha: (S) kw. 1 pikrama, dhaup; 2 bawahan (pista) katêmuning pangantèn; di-[x]: 1 didhaupake, ditêmokake kalawan pista gêdhe.
wiwaksa, wiwaksita:(S) kw. ak. gunêm, ujar, clathu.
wiwal: kn. uwal, pisah, oncat; [x] nalare: rada owah (edan); ora [x] êngg: ora wingwang, padha trêp; di-[x]: dipisah, dipêgat; pamiwal: dhuwit kanggo srana njaluk pêgat.
wiwandha: (S) kw. ak. pêpalang, alangan, pakewuh.
wiwang: kc. wingwang.
wiwara: (S) kw. bolongan, lawang; cs. 9.
wiwarjita: (S) kw. ak. uwal, oncat, muksa.
wiwarna: (S) kw. ak. pucêt.
wiwaswan: (S) kw. ak. srêngenge.
wiweka: kn. pangati-ati, ngati-ati, prayitna; kc. wêweka.
wiwi: êngg. pc. suwiwi.

wiwing: kn. 1 dijèrèng diêgarake tmr. suwiwi, sampur lsp; 2 dijupuki saka sathithik sarta dijèmbrèng tmr. têmbako.
wiwit: kn. 1 (ut. [x]-an) kang dhisik dhewe (pêpucuk); 2 lêkas (ngayati) tumindak; 3 saka ing, saka dhèk (nalika); di-[x]-i. dilêkasi, diayati ditindakake.
wiwuda: (S) kw. ak. dewa.
wiwrin: kn. kc. wingwrin.
wya: kw. aja; kc. awya.
wyabicara: (S) kw. ak. kliru, salah.
windhaya: (S) kw. ak. lara, lêlara.
wyadi: kw. kc. wiyadi.
wyaèn: kn. wiyaèn.
(wyagah): di-[x] kn. diwiyagah.
wyagra: (S) kw. macan.
wyaya: (S) kw. ak. rusak, lêbur.
wyakarana: (S) kw. paramasastra.
wyakin, wyakil: (S) kw. nyata, yêkti, têrang, cêtha.
wyata: (S) kw. ak. ula, naga.
wyalapuspa: (S) kw. nagasari.
wyamoha (S) kw. ak. bingung, judhêg, sêdhih.
wyanjana: (S) kn. aksara kang dudu aksara swara; dênta [x]: (bênêre aksara untu) urut-urutane aksara Jawa (hanacaraka); sandhangan [x]: sandhangan cakra, kêrêt lan pengkal.
wyangga: kw. kodhok; kc. wiyangga.
wyapara: (S) kw. ak. gawe, pagawean.
wyarta: (S) kw. ak. 1 tanpa guna; 2 cabar, wurung.
wyasa: (S) kw. ak. tatanan.
wyasana: (S) kw. ak. nglakoni duraka.
wyati: kw. kc. wiyati.
wyatita: (S) kw. wis kêpungkur, sigêg; kc. byatita.
wyawasta: (S) kw. ak. katêtêpan, kaanan.
wyustha: (S) kw. ak. dina.
wlajar: êngg. k. wluku.
wlagang: kn. enggal gêlis gêdhe.
wlagar: 1 di-[x] êngg. kn. diobong tmr. alas; kc. lagar. II [x]-an êngg. kn: 1 ora nganggo lapak; 2 tanpa sandhangan (prabot); kc. lagar.
wlaha: kn. ora nganggo apa-apa; kc. lahan, wêlahan.
wlahar: kn. 1 êndhut panas saka ing gunung gêni; 2 êngg. palêmahan jêjêmbêkan; kc. lahar.
wlaka: kn. barès; kc. blaka.
wlakang: kn. pungkasaning pupu kang jêro; kc. lakang.
Wlanda: n. Wlandi k. kc. Walanda.
wlandang: êngg. kn. lêlurahing mainan.
wlanjar: I kn. randha ênom (durung duwe anak); kc. lanjar. II êngg. kn: imbuh tmr. wong tuku; kc. lanjar.
(wlantên): di-[x] êngg. kn. dikumbah, dikathèl tmr. sandhangan.
wlangat: êngg. kn. glogoring kluwat.

wlangsang: kn. bngs. wêwadhah kang digawe godhong gêdhang lsp.
wlija: êngg. kn. bakul.
wlikat: kn. balung enthong-enthongan (ing buri pundhak.
wlingi: kn. bngs. sukêt.
wlingsang: kn. ar. kewan bngs. wrêgul.
wlira: kn. kayu dianggo madhêtake tênunan.
wlirang: kn. jasad kuning saka ing gunung gêni.
wludung: êngg. k. wluku.
wluku: kn. piranti dianggo malik lêmah awujud singkal mawa kêjèn nganggo cacadan; di-[x]: digarap nganggo wluku; diwlukokake: dianggo mluku; diwlukokake digarokake: dikon nyambut gawe abot.
wlulang: n. wacucal k. kuliting kewan; kc. lulang.
wlulèn: êngg. kn. tulèn.
(wlungsung): di-[x] kw. diwènèhi panganggo anyar; mlungsungi kn: ganti kulit; [x]-an: klothokaning kulit kewan kang mlungsungi.
wuda: kn. lukar ki. ngliga, tanpa awêr-awêr; diwudani: diblèjèti.
wudêl: kn. undêran ing wêtêng (tilasing usus kang gandhèng karo êmbing-êmbing); ora duwe [x] ks: ora duwe nalar.
wuduk: kw. gajih; sêga [x] n. sêkul [x] k: sêga gurih (disantêni).
wudun: kn. untar ki. ([x] brama, [x]
--- 667 ---
sêmat) ar. lêlara kulit saèm. gudhig nanging atos ngêmu nanah sarta ana matane; [x]-ên kn. untarên ki: nandhang lara wudun.
wujang ~ (wungkus).
wujang: kn. 1 êngg. durung bêbojoan (jaka, prawan); 1 kw. wong kang digadhe (dianggo cêkêlan utang); kc. bujang.
wujil: kw. cebol, bajang.
wujud: (A) kn. 1 blêgêring kaanan; 2 mawa blêgêr (kêna digrayang ut. didêlêng); 3 wangun ut. rupa kang katon; 4 arupa; di-[x]-i: 1 dianani, dikatonake wujude; 2 disauri nganggo barang dandanan lsp; di-[x]-ake: dianakake têmênan, dirupakake; wêwujudan: rêrupan.
(wujuk): di-[x] kw. dibujuk.
wudhar: kn. udhar.
wudhu: I êngg. kn. 1 ora ana sing nandhingi (ngancani, nglawan lsp); 2 sêbêl ênggone dêdagangan lsp; 3 ora payu tmr. barang dagangan; wudhon: apa-apa sing wis wudhu. II kn: 1 dhuwit kang dianggo totohan; 2 masang (ngajoni) toh; 3 urun, urunan; urun [x] pr: mèlu rêrêmbugan; diwudhoni: 1 dipasangi (diajoni) ing wudhu (toh); 2 diuruni; 3 diuruni rêmbug lsp; wudhon: nganggo wudhu, totohan; loro sawudhon, têlu saurupan pr: (loro ut. têlu mung ditandhingi siji) wong sing tanpa aji.
wugu: kn. ar. wuku kang kaping 26.
wuh: pc. uwuh.
wuhaya: kw. baya.
wuye: kn. ar. wuku kang kaping 22.
wuyung: kw. 1 muring, nêpsu; 2 sêdhih, kêsêngsêm.

wuk: I kn. wurung, ora dadi, jugar; kc. uwuk. II kw. bosok; êndhog [x] ([x]-an): êndhog sing wis diêngrêmi nanging ora dadi (kang lumrah mambu bangêr). III linggane têmbung amuk.
wukir: 1 kw. gunung; 2 kn. ar. wuku kang katêlu.
wuku: I kn. 1 klênthêng isining kapas; 2 glintiran, pringkilan. II êngg. kn: ros-rosaning pring ut. pênjalin. III kn: wêktu lawase 7 dina (kèhe ana 30); pawukon: petungan bab wuku apadene katêrangan ngangsare tmr. marang bêgja cilakane wong (wêwatakane lsp).
wukon: kn. ukon (satêngah rupiyah); kc. wuku.
wul: êngg. pc. wudhu, imbuh; kc. wuwul.
wulakan: kw. ak. pancuran, grojogan.
wulan: 1 êngg. rêmbulan; 2 êngg. k. rêmbulan; 3 k. sasi; 4 êngg. k. tanggal.
wulanjar: kn. warandha ênom durung duwe anak.
wulang: kn. (ut. piwulang) wuruk, pitutur; di-[x]-(i): diajar, dituturi, diwuruki; pamulangan: sêkolahan.
wulangun: kw. kangên bangêt, sêdhih, kêsêngsêm.
(wulat): mulat 1 kw. ndêlêng, nyawang; 2 kn. tansah namatake (ngati-ati); kc. ulat.
wulèn: kn. dhompolaning pari sagagang; kc. wuli.
wulêd: kn. ora gampang pêdhot (suwèk); [x] kulite: ora pasah ing gêgaman; [x] umure: takad, ora mati-mati; ngadu [x]-ing kulit, atosing balung: adu kadigdayan.
wuli: kn. (sa-[x]) sadhompolan pari sagagange.
wulinga: kw. berag.
wulya: kw. ak. waluya.
wulu: I kn. 1 rambuting kewan ut. manungsa kang thukul ing awak; 2 êlar sing nasabi awaking kewan iwèn. II kn: ar. sandhangan ing aksara Jawa (...); [x] dirga (mêlik): (...). III (A) kn: raup lan wisuh ngarêpake salat; diwuloni: disucèni sacarane wong wulu tmr. mayit.
wuluh: kn. 1 (pring [x]) ar. pring kang cilik-cilik; 2 lup bêdhil lsp; 3 (ut. [x]-an) êngg. pipa wêsi, sêmprong diyan; bêras [x]: bêras rupane sêmu abang (durung rêsik ênggone nutu); blimbing [x]: blimbing cilik-cilik; lintang [x]: ar. lintang; terong [x]: terong wungu; di-[x]: digosok nganggo pring wuluh.
wulu kalong: (-langsêb) kn. wuluning awak kang lêmbut sarta lêmês.
wulung: I êngg. kn. irêng sêmu biru; ikêt [x]: ikêt irêng byur; pring [x]: pring irêng. II kn: ar. manuk bngs. bidho, ulêse irêng.
wulu-pamêtu: (-wêtu) n. wulu pamêdal, (-wêdal) k. wowohan lsp. pamêtuning palêmahan.
wulu puhun: kn. wulu ing jêmpol sikil.
wulusan: kw. ilining banyu.
wulu setan: kn. wulu sing mêncil (thukule nylênèh).
wulon: kn. (nganggo) sandhangan wulu.
wun: êngg. kn. wurung.
wuni: kn. ar. wit wohe bundêr cilik-cilik rasane kêcut.
wuninga: êngg. wêruh; kc. uninga.

wunu: kn. kècèran pari ut. gabah ing sawah.
(wunuh): di-[x] kw. dipatèni.
wunut: kn. ar. wit.
wuntat: kw. buri, wuri.
wuntêl: kw. buntêl, untêl; wêwuntêlan: untêl-untêlan.
wuntu: kw. buntu; taun [x] kn: taun sing umure luwih sadina tinimbang taun lumrah (wastu).
wunwunan: kw. 1 êmbun-êmbunan; 2 pucuk, puncak.
wungkal: kn. watu padhas sing atos dianggo pangasahan; kc. ungkal.
wungkuk: kn. bêngkuk mlêngkung tmr. gêgêr ut. timun.
wungkul: kn. 1 isih wutuh (durung digosok tmr. intên, durung digarap); 2 ora sigar, ora bêlah tmr. tracak, wiji lsp; 3 êngg. pasaja, barès, wantah.
(wungkus): di-[x] kn. dibuntêl ing
--- 668 ---
godhong sarta disindiki biting; [x]-an: ênggone (olèh-olèhane) mungkus, apa-apa kang diwungkus; kc. bungkus.
wungli ~ wohan.
wungli: kn. ar. wit.
wunglon: kw. rambutan.
wungu: I kn. warna abang campur biru. II ki: tangi; 2 mêlèk; di-[x] ki: digugah; wungon ki: lèk-lèkan.
wungsu: kw. wuragil.
wungwang: kn. (bumbung [x]) bumbung sisihe karo pisan bolong.
wungwung: êngg. kn. wuwung.
wur: I kn. bubukan klêmbak lsp. dianggo nyampuri rokok; kc. uwur, wuwur. II kw: abur, ibêr.
wuragil: kn. anak kang ênom dhewe.
(wurah): (a-, ma-) [x]-an kw. umyung arame.
wurandhungan: kw. wirandhungan.
wurda, wurda[4] : kn. satus èwu yuta.
wuri: kw. buri; ing [x]-[x] kw: ing têmbe; ka-[x]: kêpungkur; diwêwuri, di-[x]-[x] kw: dilêluri.
wurik: êngg. kn. blirik tmr. ulêsing pitik.
wuryan: I kw. wêtu, pancungul (katone); di-[x]-i: 1 ditonton; 2 diwiwiti, didandani, ditata; kawuryan; katon. II [x]-ing kikir kw: tilasing kikir (gêgaman); kawuryan: kêpungkur, kèri, kêkèrèn; kc. wuri.
wuru: ki. mêndêm; wong [x] dawa kn: wong kang dhêmên mêndêm; diwuroni ki: diêndêmi.
wuru gêtih: br. ngamuk ora eling apa-apa (ing paprangan).
wuruh: êngg. kn. umpluk; muruh: mumpluk; kc. uruh.
wuruk: I kn. 1 tukang nglakokake kreta ut. grobag; 2 kw. kreta. II kw: pêdhèt. III kn: piwulang, pitutur; di-[x](i): diwulang, dituturi; [x]-an: 1 wulangan; 2 êngg. pc. tlèdhèk blajaran; 3 êngg. pc. kalakuan (kamanuhan) ala. IV [x] sudi gawe kn: agawe gègèr.
wuruk-wuruk: kn. walak-walak.

wurukung: kn. ar. dina paringkêlan kang kapitu.
wurung: n. sande k. ora sida, ora dadi; ora [x]: mêsthi bakal ...; [x] abahan (-dandanan, -wong) pc: ora dadi apa-apa, ora kalêksanan kang sinêdya; di-[x]-ake: 1 ora didadèkake (disidakake); 2 dicêlêd, dijugarake.
wurus: kn. ak. urus.
wuruwuru: kw. dara alasan (dêruk lsp).
wursita, wurcita: kw. gunêm, crita, rasa-pangrasa; di-[x]: digunêm, dikandhakake; diwursitani: dikandhani, diwulang.
wurwur: kn. ar. têtuwuhan ing sêgara; kc. uwur.
wus: kc. wis.
wusana: kn. wasana.
wusantên: êngg. k. wusana.
wusdene: n. wusdèntên k. karo manèh, luwih-luwih.
wusu: kn. 1 piranti dianggo ngrêsiki kapuk wujude saèm. gêndhewa; 2 êngg. wungkuk sarta bucu, tmr. gêgêr; diwusoni: dirêsiki nganggo wusu.
wut: pc. sabawa nelakake kagèt lsp.
wuta: kn. picak.
wutah: kn. mawut (nuntak) saka ing wadhah, mili anjog ing (tmr. kali); mutah: 1 ngêtokake kuwaya lsp. saka ing cangkêm; 2 luntur tmr. warna; di-[x]-ake: 1 disokake saka ing wadhah; 2 diwêtokake saka ing cangkêm; [x]-[x]-an: apa-apa kang diwutahake saka ing cangkêm; kc. utah.
wutuh: n. wêtah k. 1 ora owah kaanane, ora kalong (suda, gêmpil lsp); 2 dudu pêcahan tmr. cacah; 3 (dhuwit [x]) dhuwit slaka ut. kêrtas; di-[x]-ake: digawe wutuh, ora diowah-owah (diêlongi lsp); [x]-an: apa-apa sing isih wutuh.
wutuh-ayam: kn. ora owah (tatu lsp) babar pisan.
wutun: êngg. kn. 1 pasaja; 2 utama, wêkêl; kc. yutun.
wuwa: kn. wilangan pari ana ½ amêt (12½ gèdhèng); kc. wa.
wuwu: I kn. ar. piranti dianggo misaya iwak bngs. icir. II (ut. [x]-rawa) kn: ar. manuk bngs. alap-alap.
wuwuh: n. wêwah k. mundhak, tambah; [x]-[x] êngg: 1 tansah wuwuh; 2 luwih-luwih; di-[x]-i: ditambahi, diundhaki, diimbuhi.
wuwul: êngg. pc. 1 toh, wudhu; 2 urunan.
wuwung: kn. 1 (ut. [x]-an) gêndhèng (atêp lsp) sing ditrap ing têmpukaning payon kang dhuwur (sadurunge molo); 2 (adus [x]) adus êndhase digêbyur (disiram); 2 ak. dithuthuki (dijotosi) êndhase; 3 (ut. di-[x]-i) disiram banyu êndhase.
wuwur: êngg. kn. uwur, wur.
wuwus: kw. clathu, ujar; muwus: clathu, gunêman; di-[x]: digunêm, dicritakake.
wo: pc. sabawa nelakake gêla, kagol, cuwa lsp.
wod: 1 kw. oyod; 2 kn. asaling têmbung (ing paramasastra); 3 kn. (nggolèki) cacah kang dirambangake (ing ngèlmu etung); [x]-ing ati pr: kang bangêt ditrêsnani.

(wodha): amodha (S) kw. ak. nuturi.
(wodhana): amodhana (S) kw. ak. nggugah, nênangi, ngaruh-aruhi.
wogan: 1 kn. ulêr lêmah; 2 ar. dina padangon kang kaping nêm.
woh: kn. 1 pêntil kang wis tuwa; 2 pikolèh (pituwas); 3 kulit sing mbêndhol (nggligir) tilas mêmala; udan [x]: udan kaworan ès; nyawat abalang [x]-e pr: mialani ing liyan alantaran sanak sêdulure; suwe mijêt [x]-ing ranti pr: sadhela (gampang) bangêt; awoh: mêtu wohe.
wohan: êngg. k. jambe; pawohan: wadhah kinang; kc. woh.
--- 669 ---
wok ~ wrêsthi.
wok: I kn. 1 godhèg sangisoring janggut; 2 wulu ing iringaning êndhas tmr. pitik lsp; 3 suluring wringin kang pating krêmbyah. II (ut. [x]-an) kn: cluwokan ing lêmah (dianggo dolanan cirak lsp). III di-[x]-ake pc: diewokake.
wokan: êndhog [x] êngg. pc. êndhog wukan; kc. wuk.
wol: I mak [x] pc. mak cêmol. II (W) kn: wulu wêdhus gibas kang digawe bakal lsp. III kw. ak: cebol.
wola-wali: kn. ak. bola-bali, kêrêp; kc. wali.
wolak-walik: kn. ing sisih ngisor (jêro) ana ing dhuwur (jaba); kc. walik.
wolu: kn. 8.
wondene, wondening: k. ana dene.
wondèntên: êngg. k. ana dene.
wontên: k. ana.
wong: I n. tiyang k. 1 titah kang pinaringan budi; 2 manungsa; 3 bangsa, karerehan (andhahan), up: [x] Jawa, iki [x]-e sapa; 4 wis gêdhe (dudu bocah); 5 jêr, jênèh, awit. II among kw: 1 momong; 2 ulah; kc. mong, mongmong, momong.
wong asing: n. tiyang asing k. bangsa ngamanca.
wonga-wonga: kw. sêla-sêlaning susu.
wong blabag: n. tiyang blabag k. kang baku (dêdunung lsp).
wong bumi: n. tiyang siti k. wong kang dêdunung ana ing kono.
wong lanang: n. tiyang jalêr k. 1 wong sing lanang; 2 pc. bojo (lanang).
wong liya: n. tiyang sanès k. 1 wong seje; 2 dudu sanak.
wong tani: n. tiyang tani k. wong kang ulah têtanèn.
wong tuwa: n. tiyang sêpuh k. 1 wong sing wis tuwa; 2 bapa biyung; 3 dhukun, guru ngèlmu.
wong cilik: n. tiyang alit k. kawula, karerehan, dudu darah.
wongwa: êngg. kn. mawa; nyaruk [x] pr: nyanak marang mungsuh.
wong wadon: n.tiyang èstri k. 1 wong kang wadon; 2 pc.somah.
wongwang: kn. wungwang.
wongwongan: n. tiyang-tiyangan k: têtironing wong; 2 têtiyangan k. sêsipataning pawakan (dêdêg-piadêg lsp).
wor: kw. campur, têtunggalan; di-[x]-(ake) kn. dicampur, ditunggalake; di-[x]-i: dicampuri, ditunggali; kc. awor, amor, wowor.
wora-wari: kn. kambang[5] sêpatu.

worsuh: kn. carub ora karuwan pêpilahane.
wos: I kn. pathining surasa tmr. layang, têtêmbungan lsp. II k: bêras.
wose: kn. (kopi, kacang lsp) sing wis dioncèki; wosèn: wis oncèkan.
wot: I di-[x] êngg. digawa, dimomot; kc. mot, momot. II kn: pring (glugu lsp) disladhangake ing kali (kalèn) dianggo liwat; ngêwot: mlaku ing wot. III kw: awèh.
wotsari, wotsantun, wotsêkar, wotsinom: kw. nyêmbah.
wotwotan: kn. dolanan ngêwot; kc. wot.
(wowog): kê-[x]-ên kn. wêgah dening kakèhan bangêt.
wowohan: kn. woh warna-warna; kc. woh.
(wowor): di-[x]-i kn. dicampuri, dicarubi; [x]-an 1 campuran, caruban; 2 têtunggalan.
wowotan: êngg. kn. momotan; kc. wot.
wra: kw. wrata, sumêbar, anjrah.
wradin: k. wrata.
wragad: kn. dhuwit kang dianggo sarana nindakake (nggêgarap) apa-apa; di-[x]-i: dikanthèni wragad.
wragang: I êngg. kn. wlagang. II kn: tuwak.
wragil: kn. anak kang ênom dhewe.
wrah: kw. kc. wra.
wraha: êngg. cèlèng.
wrayang: kw. panah.
wraksa: kw. ak. kayu, wit; kc. wrêksa.
wran: kw. wong.
wrana: kn. 1 aling-aling, slintru; 2 kw. sêsulih.
wrandha: kn. randha.
wrangas: kn. bngs. rayap rupane abang.
wranggana: kw. kc. waranggana.
wrangka: I (ut. wrangkan) kw: kunjara. II n. sarungan k: kayu urunging kêris (tumbak lsp); [x]-ning ratu: patih; diwrangkani: 1 ditrapi wrangka; 2 disratèni, diêmong satindak-tanduke; diwrangkakake: dilêbokake ing wrangka.
wrasan: êngg. (durung [x]) durung ngalami (nyoba).
wrat: kw. abot, bobot; awrat k: abot; dipun-[x] k: 1 diêmot, dimomot; 2 diêmot (ing layang lsp).
wrata: n. wradin k. 1 ora mêndhak mêndhukul; 2 rampak, kabèh padha, kabèh kêpanduman; 3 êngg. sumêbar, sumrambah; kc. rata.
wratsangka, wratsari: kw. kêmbang cêpaka.
wre: kw. kêthèk.
wrêda, wrêdha: (S) kw. tuwa.
wrêdaya: kw. ati.
wrêdi: I (S) kw. tulus, ndadi, mundhak-mundhak; kc. wêrdi, wêrdèn. II kn: têgês, makna; kc. wardi, wêrdi.
wrêdu: kw. alus, sarèh, lêmês; kc. wêrdu.
wrêjit: kw. cacing.
wrêgu: kn. ar. têtuwuhan bngs. pênjalin (nanging ora lêmês).
wrêgul: kn. ar. kewan bngs. wlingsang.

wrêhaspati: (S) kw. dina Kêmis.
wrêksa: (S) kw. kayu, wit.
wrêna: kn. ar. kewan saèm. klabang cilik.
wrênda: (S) kw. ak. gêgolonganing wadyabala.
wrêngêt: kn. ak. rêngêt.
wrêngkang, wrêngkêng: kn. puguh, ora gêlêm manut.
wrêsaba: (S) kw. ak. sapi.
wrêsah: kn. ar. têtuwuhan.
wrêsni: kw. ipe, pripean.
wrêsthi: (S) kw. udan.
--- 670 ---
wrêsthipata ~ zina.
wrêsthipata: (S) kw. ak. udan dêrês.
wrêta: (S) kw. 1 warta; 2 têmbang, kidung.
wrêcita: kw. cacing.
wri, wrin: kw. wêdi, miris; kc. wingwrin.
wrin: kw. wêruh.
wringin: kn. ar. wit bngs. prih; [x] kurung: wit wringin kang dipagêri mubêng ing têngahing alun-alun.
wringutên: êngg. kn. muring bangêt.
wringsilan: êngg. kn. pringsilan.
wruju: êngg. kn. wragil.
wruh: kw. wêruh.
wruhanamu: n. sampeyan sumêrêpa k. kauningana ki. wêruha (mangêrtia yèn).
wruyung: kn. kayu arèn; kc. ruyung.
wwad: kw. ak. oyod; kc. wod.
wwah: kw. woh.
wwal: kw. ak. wong cebol.
wwalu: kw. ak. wolu.
wwang: kw. ak. wong.
wwantên: kw. ak. ana; kc. wontên.
wwara: kw. ak. ana.
1. [x] cukup satu.
2. ngantêpake.
3. diwindoni.
4. wurdha.
5. kêmbang.

Z
zabur: (A) kn. kitab suci anggitane Nabi Suleman.
zaetun: (A) kn. ak. jaetun.
zakat: (A) kn. ak. jakat.
zaman: (A) kn. ak. jaman.
zamrut: (A) kn. ak. jumêrut.
zamzam: (A) kn. ak. banyu janjam.
ziyarat: (A) kn. ak. mênyang ing papan suci; kc. jiyarah.

zina: (A) kn. ak. jina.

--- 671 ---

INGKANG NGÊDALAKÊN J. B. WOLTERS - GRONINGEN, BATAVIA
Dr. TH. PIGEAUD
JAVAANS - NEDERLANDS HANDWOORDENBOEK

Sêrat Bausastra punika panyêratipun mawi aksara Latin, urut-urutaning aksara inggih kalugokakên miturut sastra wyanjana Latin. Têmbung-têmbung ingkang atêr-atêr kenging dipun padosi ing golongan aksaranipun wiwitan atêr-atêr wau, upaminipun kacilakan kenging dipun padosi ing golongan aksara k, pamemean kapadosana ing golongan aksara p lsp. Ingkang makatên wau nggampilakên anggènipun madosi têmbung punapa kemawon ingkang kêsrambah ing sêratan utawi ing pawicantênan, botên susah madosi lingganipun rumiyin.

Kajawi punika, dhapukanipun Bausastra enggal punika wontên bedanipun kaliyan bausastra-bausastra ingkang sampun-sampun. Ingkang kawrat ing Bausastra enggal, inggih punika:

1e. têmbung ênggèn-ênggènan (dialèkt.);

2e. têmbung-têmbung ingkang asring kêsrambah wontên ing hukum adhêdhasar adat, pranatan pangrèh praja, agami lsp;

3e. têmbung-têmbung enggal ingkang sampun kalimrah kangge ing sêsrawungan umum sapunika sarta ing kalangan politiek;

4e. têmbung-têmbung "kawi".

Mênggah agêngipun sêrat Bausastra wau sami kaliyan bausastra-bausastra sanès ingkang kula wêdalakên; kandêlipun 624 kaca. Kathahing têmbungipun wontên 40.000; kajawi punika ugi wontên katêranganipun têmbung-têmbung andhahan sarta paribasan.

RÊGINIPUN NAMUNG ... F 5.--

(Manawi ngrêsakakên, kula aturi kintun postwissêl rumiyin. Wragad kangge ngintunakên botên kaetang.

NEDERLANDS - JAVAANS HANDWOORDENBOEK
sawêg dipun cap

ZAKWOORDENBOEKJE NEDERLANS-JAVAANS
JAVAANS-NEDERLANDS
sawêg dipun cap

INGKANG NGÊDALAKÊN J. B. WOLTERS - GRONINGEN, BATAVIA.